
BHUKU
RAMORMONI

DZIDZISO
NEZVIBVU-
MIRANO

DOMBO
REMUTENGO
MUKURU

BHUKU
RAMORMONI

HUMWE HUCHAPUPU HWAJESU KRISTU

DZIDZISO
NEZVIBVU-
MIRANO

ZVECHECHI YAJESU KRISTU
YAVATENDI VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

DOMBO
RE Mutengo
MUKURU

RAKASHAMBADZWA
NECHECHI YAJESU KRISTU
YAVATENDI VAMAZUVA EKUPEDZISIRA
SALT LAKE CITY, UTAH, USA

© 2007 neIntellectual Reserve Inc.

Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa
kwechinyorwa chino

Printed in the United States of America 11/2008

19962007

Translation of the Book of Mormon, Doctrine and
Covenants, and Pearl of Great Price
Shona

ZVIRIMUKATI

Bhuku RaMormoni

Dzidziso Nezvibvumirano

Dombo reMutengo Mukuru

Nhungamiri Kumagwaro Matsvene

Chisumo

Kurongwa Kwemisoro Yenhourwa Ichitevedza Kurongana

Kwemavara

Zvakasarudzwa Kubva Mududziro YaJoseph Smith

Yebhaibheri

Nhoroondo Yechechi Yakarongwa Semaitikiro Azvo,

Mamepu, Nemifanandidzo

Mamepu Emubhaibheri Nemifananidzo

**ZVIDIMBU ZVEMAZWI NEMAZITA ZVIRI
MUZVINYORWA ZVEPAZASI PEPEJI
NEMUNHUNGAMIRI KUMAGWARO MATSVENE**

Testamende yaKare		Testamende Itsva		Bhuku raMormoni	
Gen.	Genesi	Mat.	Mateo	1 Ni.	1 Nifai
Eks.	Eksodo	Marko	Marko	2 Ni.	2 Nifai
Rev.	Revitiko	Ruka	Ruka	Jak.	Jakobho
Num.	Numeri	Joh.	Johane	Eno.	Enosi
Deut.	Deuteronomio	Mabasa	Mabasa	Jar.	Jaromu
Josh.	Joshua		aVaapositori	Omu.	Omuni
Vat.	Vatongi	VaR.	VaRoma	Mazwi	Mazwi
Rute	Rute	I VaKori.	I VaKorinte		aMormoni
I Sam.	I Samueri	II VaKori.	II VaKorinte	Mosaya	Mosaya
II Sam.	II Samueri	VaG.	VaGaratia	Aru.	Aruma
I Madz.	I Madzimambo	VaE.	VaEfeso	Hir.	Hiramani
II Madz.	II Madzimambo	VaF.	VaFiripi	3 Ni.	3 Nifai
I Mak.	I Makoronike	VaKoro.	VaKorose	4 Ni.	4 Nifai
II Mak.	II Makoronike	I VaT.	I VaTesaronika	Morm.	Mormoni
Ezra	Ezra	II VaT.	II VaTesaronika	Eta	Eta
Neh.	Nehemia	I Tim.	I Timotio	Moro.	Moronai
Est.	Estere	II Tim.	II Timotio		
Jobo	Jobo	Tito	Tito	Dzidziso neZvibvumirano	
Mpi.	Mapisarema	Fir.	Firemoni	D&Z	Dzidziso
Zir.	Zirevo	VaH.	VaHeberu		neZvibvumirano
Mpa.	Muparidzi	Jkb.	Jakobo	Chirevo—1	Chirevo
Rwiyo	Rwiyo Rukuru	I Pet.	I Petro		cheChechi—1
	rwaSoromoni	II Pet.	II Petro	Chirevo—2	Chirevo
Isa.	Isaya	I Joh.	I Johane		cheChechi—2
Jer.	Jeremia	II Joh.	II Johane		
Mjer.	Mariro aJeremia	III Joh.	III Johane	Dombo Remutengo	
Ezk.	Ezekieri	Jud.	Judasi	Mukuru	
Dan.	Danieri	Zvaka.	Zvakazarurwa	Mos.	Mosesi
Hos.	Hosea			Abr.	Abrahama
Joere	Joere			JS—Mat.	Joseph Smith— Mateo
Amosi	Amosi			Nh—JS	Nhoroondo— yaJoseph Smith
Obad.	Obadia			Mis. yeCH.	Misimboti yeChitendero
Jona	Jona			DJS	Dudziro yaJoseph Smith
Mika	Mika			NKM	Nhungamiri kuMagwaro Matsvene
Nah.	Nahumi				
Hab.	Habakuki				
Zef.	Zefanaya				
Hag.	Hagai				
Zek.	Zekaria				
Mara.	Maraki				

CHIHEB Imwe dudziro kubva kuchiHeberu

NEMAMWE MAZWI Tsananguro yezvirevo nezvivakwa zvakaoma

KANA Anoreva kuti mamwe mazwi anotevera kutsanangura zvinoreva mitauro yakare

BHUKU RA- MORMONI

HUMWE

UCHAPUPU

HWAJESU

KRISTU

BHUKU RAMORMONI

NHOROONDO YAKANYORWA

NORUOKO RWAMORMONI

PAMAHWENDEFA

YAKATORWA KUBVA PAMAHWENDEFA ANIFAI

Saka naizvozvo, kunova kupfupikiswa kwezvinyorwa zvevanhu vaNifai, uye zvakare nevamaRamani — Zvakanyorerwa maRamani, avo vanova vakasara veimba yaIsiraeri; uye zvakare kumuJudha nemuJentairi — Zvakanyorwa pamusana pemurairo, uye zvakare nomweya wechipo-rofita newekuzarurirwa — Zvakanyorwa ndokusunganidzwa, ndokubva zvavigwa kuna Ishe, kuti zvisazoparadzwa — Kuti zvizouya nechipo nesimba raMwari kuti zvidudzirwe — Zvakasimbiswa noruoko rwaMoronai, zvikavigwa kuna Ishe, kuti zvizouya munguva yakafanira kuburikidza namaJentairi — Kududzirwa kwazvo kunoitwa nechipo chaMwari.

Kupfupikiswa kwakatorwawo kubva muBhuku raEta, rinotaura nezvevanhu vaJaredhi, avo vakanga vaparadzaniswa apo Ishe pavakashandura mutauro wevanhu, apo vaivaka shongwe kuti vaende kudenga — Kuitira kuratidza kune vakasara vema yaIsiraeri kuti Ishe vakaita zvinhu zvakakura sei kumadzibaba avo; kuti vave vangazive vimbiso dzaIshe, kuti havana kuraswa nokusingaperi — Uye zvakare nokupwisa vaJudha namaJentairi kuti JESU ndiye KRISTU, MWARI WOKUSINGAPERI, achizviratidza kumarudzi ose — Uye zvino, kana paine zvisiriizvo kukanganisa kwavanhu; naizvozvo, musaramba zvinhu zvaMwari, kuti muzoonekwa musina tsvina pachigaro chokutonga chaKristu.

Kududzira kwekutanga kubva pamahwendefa kuchiiiswa
muChirungu naJoseph Smith, Mwana

Chinyorwa cheKutanga cheChirungu chakashambadzwa
muPalmyra, New York, USA, muna 1830.

 CHISUMO

Bhuku raMormoni ibhuku remagwaro matsvene angafanani-dzwe neari muBhaibheri. Magwaro anotaura nezvemabasa aMwari pakati pevanhu vaigara mumaAmerica makare-kare, uye rine kuzara kwevhangeri risingaperi.

Bhuku iri rakanyorwa namaporofita vakare nomweya wechipo-rofita newekuzarurwa. Mazwi avo, akanyorwa pamahwendefa egoridhe, akatorwa akapfupikiswa pamwechete nomuporofita aive munyori ainzi Mormoni. Zvinyorwa izvi zvinopa nhorooondo dzemarudzi makuru maviri akange akabudirira. Rumwe rwakabva kuJerusarema mugore ra600 Kristu asati azvarwa, mushure rika-zopatsanuka kuita marudzi maviri anozivikanwa semaNifai nema-Ramani. Rimwe racho rakauya pekutangisisa apo Mwari pavakape-sanisa mitauro paShongwe yeBaberi. Chikwata ichi chinozivikanwa semaJaredhi. Kwapera zviuru zvamakore, vose vakaparadzwa kunze kwemaRamani, uye ava ndivovamwe vemadzitateguru emaIndia echiAmerica.

Chinhu chikuru-kuru chatinowana muBhuku raMormoni hu-shumiri hwaIshe Jesu Kristu pachavo pakati pemaNifai shure kwokumuka kwavo kuvafi. Kunotsanangura mirau yevhangeri, nokutsanangura nzira yoruponeso, nokuudza vanhu zvinhu zva-vangaite kuti vawane runyararo paupenyu huno uye ruponeso rwokusingaperi muupenyu huchauya.

Shure kwokunge Mormoni apedza kunyora kwake, akanopa zvinyorwa izvi kune mwanakomana wake Moronai, uyo akapa-mhidzira mazwi akewo mashoma akanoviga mahwendefa aya mugomo rainzi Kumora. Mumwedzi waGunyana achiti 21, 1823, Moronai mumwecheteyo, semunhu akaremekedzwa, amutswa kuvafi, akazviratidza kune Muporofita Joseph Smith akamudzi-dzisa zvekuita pane zvinyorwa zvakare izvi nekuzodudzirwa kwazvo mururimi rweChirungu.

Nekufamba kwenguva mahwendefa akapiwa kuna Joseph Smith, uyo akaadudzira kuburikidza nechipo nesimba raMwari. Zvinyorwa izvi zvino zvave mumitauro yakawanda souchapupu hutsva hunotsinhira kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari mupenyu uye kuti avo vanouya kwaari nokuteerera mitemo nezvinangwa zveshoko rake vachaponeswa.

Maererano nezvinyorwa izvi Muporofita Joseph Smith akati: “Ndakataurira vatendi vose kuti Bhuku raMormoni ndiro bhuku rakanyorwa nemazvo kudarika mamwe mabhuku ose ari pano panyika, uye ndiwo musimbote wechitendero chedu, uye munhu angave pedyo naMwari nokutevedza zviri mariri, kupfuura zvaangaite nokutevedza rimwe bhuku.”

Pamusoro paJoseph Smith, Mwari akapa vamwe gumi nemumwechete kuti vaonewo mahwendefa egoridhe pachavo uye kuti vazova vanopupura pamusoro pechokwadi neutsvene hweBhuku raMormoni. Uchapupu hwavo hwakanyorwa mubhuku rino, “Uchapupu Hwavapupuri Vatatu” ne “Uchapupu Hwavapupuri Vasere.”

Tinokoka vanhu vose vari kwose-kwose kuti vaverenge Bhuku raMormoni, vafungisise mumwoyo yavo pamusana pemharidzo irimo, vozokumbira kuziva kuna Mwari, Baba Vokusingaperi, muzita raKristu kana bhuku iri riri rechokwadi. Avo vachateedza izvi uye vachikumbira mukutenda vachawana uchapupu hwechokwadi noutsvene hwaro kuburikidza nesimba roMweya Mutsvene. (Ona Moronai 10:3–5.)

Avo vanowana uchapupu hutsvene uhwu kubva kuMweya Mutsvene vachazosvikawo pakuziva nesimba irori kuti Jesu Kristu ndiye Muponesi wenyika, kuti Joseph Smith mududziri nomuporofita wake mumazuva ano ekupedzisira, nokutiwo Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira ndihwo umambo hwaMwari hwakadzorerwa zvakare pano panyika, mukugadzirira kuuya kwechipiri kwaMesia.

 UCHAPUPU HWAVAPUPURI VATATU

NGAZVIZIVIKANWE kunyika dzose, marudzi ose, ndimi dzose, navanhu vose, avo vachasvikirwa nebasa iri: Kuti isu, kuburikidza nenyasha dzaMwari Baba, nedzaIshe vedu Jesu Kristu, taona mahwendefa ane zvinyorwa zvino, zvinova zvinyorwa zvenyaya yevanhu vaNifai, uyezve pamwe nemaRamani, hama dzavo, uye zvakare nevanhu vaJaredhi, avo vakabva pashongwe yambotaurwa nezvayo. Uyezve tinoziva kuti zvakadudzirwa nechipo nesimba raMwari, nokuti izwi rake rakataura kwatiri; naizvozvo tinoziva zvedi kuti basa iri nderechokwadi. Uye zvakare tinopupura kuti taona mavara ari pamahwendefa; uye zvakaratidzwa kwatiri nesimba raMwari, kwete romunhu. Uye tinotaura nemazwi akatsiga, kuti ngirozi yaMwari yakauya kubva kudenga, ikauya ikaisa pamberi pemaziso edu, uye tikaona mahwendefa, nemavara awo; zvakare tinoziva kuti inyasha dzaMwari Baba, naIshe vedu Jesu Kristu, kuti takaona uyezve tinopupura kuti zvinyorwa izvi ndezvechokwadi. Uye zvinoshamisa mumaziso edu. Zvisinei, izwi raIshe rakatituma kuti tizvipupure; naizvozvo, kuti tive tinoteerera mirau yaMwari, tinopupura pamusoro pezvinhu izvi. Uye tinoziva kuti kana tinokutenda muna Kristu, tichabvisa ropa revanhu vose riri munguwo dzedu, uye tigowanikwa takachena tisina kavara pamberi pechigaro chokutonga chaKristu, uye tichagara naye nokusingaperi kudenga. Uye kukudzwa kuve kuna Baba, nokuno Mwanakomana, nokunoMweya Mutsvene, anova Mwari mumwechete. Amen.

OLIVER COWDERY
 DAVID WHITMER
 MARTIN HARRIS

 UCHAPUPU HWAVAPUPURI VASERE

NGAZVIZIVIKANWE kunyika dzose, marudzi ose, ndimi dzose, navanhu vose, vachasvikirwa nebasa iri: Kuti Joseph Smith Mwana, mududziri webasa rino, atiratidza mahwendefa akataurwa, anotariska segoridhe; uye mahwendefa akange adudzirwa naSmith ataurwa uyu takaabata namaoko edu; uyezve takaona zvinyorwa zviri paari, ose airatidza umhizha hwechinyakare, neumhizha hunoshamisa. Pane izvi tinopupura nemazwi akatsiga, kuti Smith ataurwa uyu atiratidza, nokuti taona tikasimudza, uye tinoziva zvedi kuti Smith anawo mahwendefa atataura pamusoro pawo. Uye tinopa mazita edu kunyika, kuti tipupure kunyika pane zvaona. Uye hatinyepe kwete, Mwari atipupurire.

CHRISTIAN WHITMER	HIRAM PAGE
JACOB WHITMER	JOSEPH SMITH, BABA
PETER WHITMER, MWANA	HYRUM SMITH
JOHN WHITMER	SAMUEL H. SMITH

 UCHAPUPU HWEMUPOROFITA JOSEPH SMITH

Mazwi oMuporofita Joseph Smith pachezvake maererano nekuuya kweBhuku raMormoni anoti:

“Manheru . . . a21 Gunyana mugore ra[1823] . . . Ndakazvitora mukunamata nokukumbira kuna Mwari saMasimba. . . .

“Apo ndakanga ndiri mukushevedza Mwari, ndakaona chiedza chichiuya mumba mangu, icho chakaramba chichikura kusvikira mumba umu machena kupfuura chiedza chamasikati, pakarepo munhu akaoneka parutivi pepandairara, akamira mudenga, nokuti makumbo ake akanga asina kutsika pasi.

“Akange akapfeka nguwo yakaregerera yakanga yakachenesesa zvikuru. Yakanga yakachena kudarika chinhu chepanyika chandakamboona; zve handitende kuti pane chinhu chepanyika chingaitwe kuti chionekwe chakachena nekubwinya zvikuru zvakadaro. Zvanza zvake zvakanga zviri pachena, nemaoko ake zvakare, pamusoro zvishoma pezvizio zvemaoko; kana, tsoka dzakewo dzakanga dziri pachena, uye nemakumbo ake, pamusoro zvishoma pezvizio zvamakumbo. Musoro nomutsipa wake zvaivewo zviri pachena. Ndakakwanisa kuona kuti akanga asina dzimwe mbatya asi nguwo iyi, sezvo yakanga yakashama, zvokuti ndakakwanisa kuona chipfuva chake.

“Hadzizi mbatya dzake chete dzakanga dzakachena zvikuru kwazvo, asi muviri wake wose wakanga uchipenya zvisingataurike, uye chiso chake zvechokwadi chaita kunge mheni. Imba yakanga ine chiedza chakanyanya, asi chakange chisingapenye pane chakange chakakomberedza muviri wake. Ndichitanga kumutarisa, ndakave nokutya; asi kutya uku kwakakurumidza kupera.

Akandishevedza nezita rangu, akati kwandiri akanga ari mutumwa akanga atumwa kwandiri kubva pamberi paMwari, uye kuti zita rake ainzi Moronai; kuti Mwari akanga ane basa rokuti ndiite; zve kuti zita rangu raizonzwikwa pakunaka napakuipa pakati penyika dzose, marudzi ose nemitauro yose, kana kuti pakati pevanhu richa-taurwa zvakana nezvakaipa pamusoro paro.

“Akati pakanga pane bhuku rakanga rakachengetedzwa, rakanyorwa pamahwendefa egoridhe, richipa nhorooondo yezvevanhu vaichimbogara munyika ino, uye nokuti nzvimbo yavakabva ndeipi. Akatiwo kuzara kweVhangeri risingaperi kwakanga kuri mariri, sokupiwa kwarakaitwa noMuponesi kuvagari vakare.

“Zvakare, kuti pakanga pane matombo maviri aiva muchinhu chakaita seuta hwendarama—uye matombo aya, akanamirwa pachidzitiro chepachipfuva, aiita zvaiddidzwa kunzi Urimi neTumimi—zvaiva zvakachengetedzwa pamwechete namahwendefa aya; kuve nawo matombo aya nekuashandisa ndizvo zvaipa *Vaoni* kuona munguva dzemakare-kare kana kuti nguva dzakapfuura; nokutiwo Mwari akanga aagadzirira basa rokududzira bhuku iri.

“Zvakare, akandiudza, kuti kana ndava namahwendefa aya aakanga ataura nezvawo—nokuti nguva yokuti atorwe yakanga isati yazadziki-swa—handifanira kuaratidza kune mumwe munhu; kana chidzitiro chepachipfuva chine Urimi neTumimi; kunze kwaavo chete vandaizoudzwa kuti ndivaratidze; ndikasaita saizvozvo ndaizoparadzwa. Apo aingonotaura neni pamusana pemahwendefa aya, ndakazururirwa chiratidzo mupfungwa mangu zvokuti ndakakwanisa kuona apo pakanga pakachengetedzerwa mahwendefa, uye izvi zvakajeka kwazvo zvekuti ndakazivazve nzvimbo iyi pandakaishanyira.

“Shure kwokutaurirana uku, ndakaona chiedza chakanga chiri mumba chave kutanga pakarepo kuungana pamunhu uya aitura kwandiri, chakaramba chichidaro, kusvikira imba yose yasiwa yave murima zvakare, kusiya chete paakanga ari iye, pakarepo ndakaona, sekunge, nzira yakazururwa ichisvika kudenga, uye akakwira kudzamara anyangarika chose, imba ikasara yave sezvayakanga yakaita chiedza chokudenga ichi chisati chaoneka.

“Ndakarara ndichifunga pamusoro pezvishamiso zvakange zvaonekwa, uye ndichishamiswa zvikuru pane zvakange zvataurwa kwandiri nomutumwa aishamisa uyu; ndiri, pakati pokufunga kwangu, pakarepo ndakaona zvakare imba yangu yave kutanga kuva nechiedza, uye munguva duku, saizvozvo, mutumwa wokudenga mumwecheteyo akanga ava parutivi pepandairara zvakare.

“Akatanga, uye ndokuronedderazve zvimwechetezvo chaizvo zvaakange ambotaura pakushanya kwake kwokutanga, pasina chaaisiya kana kusiyana; mushure mokunge adaro, akandiudza nezvekutongwa kukuru kwakange kuchiyaya panyika, nokuparadza kukuru kwenzara, nemunondo, uye nezvirwere; uye kuti kutongwa kunorwadza uku kwaizouya panyika muchizvarwa chino. Shure kwokunge ataura zvinhu izvi, akakwira zvakare sezvaakanga amboita pakutanga.

“Panguva iyi, zvandakanga ndanzwa zvakadzika zvakadzama mupfungwa dzangu, zvekuti hope dzakatiza kubva mumaziso angu, uye ndakarara ndakazadzwa nokukatyamara nezvandakanga ndaona nokunzwa. Asi ndakashamiswa sei pandakaona zvakare mutumwa mumwecheteyo parutivi pepandairara, nokumunzwa achironeddera kana kuti kudzokororazve kwandiri zvinhu zvimwechetezvo sekare; akawedzera yambiro kwandiri, achinditaurira kuti Satani achaedza kundiedza (pamusana pokuona urombo hwemhuri yababa vangu), kuti nditore mahwendefa aya nechinangwa chokuda kupfuma. Izvi akandirambidza, achiti handifanire kuva nechimwe chinangwa mupfungwa mukutora mahwendefa asi kuti ndikudze Mwari, uye kuti ndisafurirwa neimwe pfungwa kunze kweyokuvaka umambo Hwavo; pasina izvozvo handingakwanise kuatora.

“Shure kwekushanya uku kwechitatu, akakwirazve kudenga sapatanga, uye ndikasiwa zvakare kuti ndifungisise pamusoro pekushamisa kwezvinhu zvandakanga ndaona; ipapo mushure mekukwira

kwemutumwa wekudenga achangobva pandiri kechitatu, jongwe rakakukuridza, ndikaona kuti kwakange kwavakuda kuedza, zvichireva kuti hurukuro dzedu dzakanga dzatora usiku hwose.

“Shure kwechinguvana ndakamuka, uye, samazuva ose, ndakaenda kumabasa andaifanira kuita muzuva iroro; asi, mukuedza kuita basa sezvandaita dzimwe nguva, ndakaona ndakaneta zvekuti ndakatadza chose. Baba vangu, vaishanda pamwechete neni, vakaona kuti pane zvakange zvakanganisika neni, vakanditaurira kuti ndiende kumba. Ndakatangisa ndiine chido chokuenda kumba; asi, mukuedza kuti ndidarike ruzhowa ndichibva mumunda umo matakanga tiri, simba rangu rakandikunda zvachose, ndikawira pasi zvisingabatsire, uye kwechinguva ndakanga ndakati rapata pasina chandaiziva.

“Chinhu chokutanga chandinoyeuka izwi raitaura kwandiri, richindishevedza nezita rangu. Ndakatarisa kumusoro, ndikaona mutumwa mumwecheteyo akamira kumusoro kwangu, akakomberedzwa nechiedza sapakutanga. Akanditaurira zvakare zvaakambenge andiudza usiku hwapfuura, akandiraira kuti ndiende kuna baba vangu ndinovaudza pamusoro pechiratidzo nemirairo yandakanga ndagamuchira.

“Ndakateerera; ndikadzokera kuna baba vangu kumunda, ndikarondedzera zvinhu izvi zvose kwavari. Vakandipindura kuti zvakanga zviriri zvaMwari, vakandiudza kuti ndiende ndinoita zvandakanga ndairira nomutumwa. Ndakabva kumunda, ndikaenda kunzvimbo yandakanga ndaudzwa nomutumwa kuti ndipo pakanga pachengetedzera mahwendefa; nenzira yokujeka kwechiratidzo chandakange ndaona pamusoro payo, ndakaziva nzvimbo yacho kusvika kwandakaitapo.

“Pedyo nomusha weManchester, muruwa rweOntario, muNew York, pane chikomo chikuru kwazvo, chirefu kupfuura zvimwe zvose zviriri muchinzvimbo ichocho. Kumadokero kwechikomo ichi, chinhambwe chiduku kubva pamusoro paro, pasi pedombo guru kwazvo, ndipo paiva nemahwendefa, akaiswa mubhokisi redombo. Dombo iri rakanga rakakura rakatenderera nechapakati pamusoro, rakandotetepa richienda kumativi aro, zvichireva kuti pakati paro pakanga pari kunze kwevhu, asi mativi ose akanga akafukidzwa nevhu.

“Shure kwokunge ndabvisa ivhu, ndakatora chipikinyuro, ndikachipfekera mumhendero yedombo, nesimba shoma-shoma ndikaripinyura. Ndakatarisa mukati, zvechokwadi ndikaona mahwendefa, Urimi neTumimi, nechidzitiro chepachipfuva, sokutaurwa kwazvakanza zvaitwa nomutumwa. Bhokisi raakanga ari rakanga rakagadzirwa namatombo akabatanidzwa pamwechete nechainge semende. Pasi pebhokisi pakanga pana matombo maviri akachinjika bhokisi, pamusoro pematombo aya ndipo paive nemahwendefa pamwechete nezvimwe zvinhuwo.

“Ndakaedza kuti ndiaburitse, asi ndakarambidzwa nomutumwa, uye zvakare ndakaudzwa kuti nguva yokuti ashambadzwe yakanga isati yasvika, uye hayaizosvika, kusvikira kwakwana makore mana

kubva panguva iyoyo; asi akandiudza kuti ndiuye panzvimbo iyoyo kwapera gore chairo kubva panguva iyoyo, uye kuti aizosangana neni ipapo, uye ndaifanirwa kuramba ndichiendako kusvikira nguva yokuti ndiatoro mahwendefa aya yakwana.

“Saizvozvo, sokurairwa kwandakange ndaitwa, ndaienda kupera kwegore roga-roga, uye panguva yega-yega ndaiwana mutumwa mumwecheteyo aripo, nokugamuchira mirairo nenjere kubva kwaari pahurukuro yedu yega-yega, maererano nezvaizoitwa nalshe, nokuti Umambo Hwake huchafambiswa nenzira yakadii, mumazuva ekupedzisira.

* * * * *

“Zvino pekupedzisira nguva yakasvika yokuti ndichitora mahwendefa, Urimi neTumimi, nechidzitiro chepachipfuva. Musi wechimakumi maviri nemaviri waGunyana, gore rechiuru chimwechete mazana masere nemakumi maviri nenomwe, ndichinge ndaenda senguva dzose mukupera kwerimwe gore, kunzvimbo yaiva yakachengetedzerwa mahwendefa, mutumwa wekudenga mumwecheteyo akandipa mahwendefa achinditaurira kuti: Ndaifanirwa kuziva kuti ave mumaoko angu; kuti ndikarega achirasika, kana nekushaya hanyin’ a kwangu, ndaizoraswa; asi kuti kana ndikashandisa kuedza kwangu kuachengetedza, kusvikira iye, mutumwa uyu, aadzokera, aifanirwa kudzivirirwa.

“Hazvina kunditorera nguva kuti ndione chikonzero chakaita kuti ndikomekedzwe kuti ndiachengetedze, uye kuti sei mutumwa akati kana ndichinge ndaita sokurairwa uku, aizoadzokera. Nokuti pazvakanjo zivikanwa kuti ndaanawo, kwakaedzwa zvakaoma kwazvo kuti ndiatorerwe. Ose mazano avaiifunga akashandiswa pane izvozvo. Kunetswa uku kwakarwadza uye kukadzama kupfuura kare, dzaigara mhomho dzakagadzirira kuti dzinditorere, kana zvaikwanisika. Asi nokuda kweungwaru hwaMwari, akaramba akachengeteka ari mumaoko angu, kusvikira ndapedza nawo zvaidiwa kwandiri. Apo, mutumwa akauya kuzoatora, sekurongwa kwazvakanga zvakaitwa, ndakamugamuchidza; uye anawo mumaoko ake kusvika zuva raphasi, riri zuva rechipiri muna Chivabvu gore rechiuru chimwechete mazana masere nemakumi matatu nemasere.”

Kuzvinyorwa zvizere ona, Nhorooondo—yaJoseph Smith, muDombo reMutengo Mukuru, ne*History of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints* (Nhorooondo yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira), Bhuku 1, zvitsauko 1 kusvika ku6.

Zvinyorwa zvechinyakare zvakaburitswa sezvizvi muvhu, sezwi ravanhu vari kutaura vari muhuruva, rikadudzirwa mumutauro wamazuva ano nechipo nesimba raMwari sekupupurwa nerusimbiso rwutsvene, zvakatanga kuburitswa kunyika mururimi rweChirungu mugore ra1830 seTHE BOOK OF MORMON.

YEZVEBHUKU RAMORMONI

Bhuku raMormoni chinyorwa chinoyera chavanhu vakare veku-America, uye chakanga chakanyorwa pamahwendefa edare. Mhando ina dzemahwendefa edare dzinotaurwa nezvadzo mu-bhuku iri:

1. *Mahwendefa aNifai*, akanga ari paviri: Mahwendefa Maduku naMahwendefa Makuru. Ekutanga aitsanangura kunyanya pamusoro pezvinhu zvomweya neufundisi nedzidziso dzavaporofita, echipiri aitura kunyanya nezvemagariro evanhu ava (1 Nifai 9:2–4). Asi, kubvira panguva yaMosaya, mahwendefa mahombe akange ave kutaurawo nezvenyaya dzinokosha dzemweya.
2. *Mahwendefa aMormoni*, ayo akanga akapfupikiswa naMormoni paMahwendefa Mahombe aNifai, nokumwe kutaura kwakawanda. Mahwendefa aya aienderera mberi nenyaya yevanhu ava yakanyorwa naMormoni nezvakapamidzirwa nomwanakomana wake Moronai.
3. *Mahwendefa aEta*, anotaura nezverungano rwamaJaredhi. Zvinyorwa izvi zvakapfupikiswa naMoronai, uyo akaisawo kufunga kwake ndokubatanidza nyaya iyi nedzimwe “muBhuku raEta.”
4. *Mahwendefa eNdarira* akaunzwa navanhu vaRihai kubva kuJerusarema muna600 Kristu asati azvarwa. Aya ndiwo aive “nemabhuku mshanu aMosesi, . . . Uyewo nezvaitaurwa nezvenyaya yemaJudha kubvira pakutanga, . . . kusvikira pakutanga kwekutonga kwaZedekia, mambo wamaJuda; Uye pamwechetewo nezviporofita zvavaporofita vatsvene” (1 Nifai 5:11–13). Mazwi mazhinji akatorwa pamahwendefa aya, achitaura mashoko aIsaya neevamwe vaporofita vemuBhaibheri nevasiri vemuBhaibheri ari muBhuku raMormoni.

Bhuku raMormoni rine zvikamu zvikuru gumi nezvishanu, zvinozivikanwa, kunze kwerimwechete, samabhuku, rimwe nerimwe richidaidzwa nezita romunyori waro. Chikamu chokutanga (mabhuku matanhatu okutanga anopera naOmuni) idudziro kubva paMahwendefa Maduku aNifai. Pakati pamabhuku aOmuni naMosaya pane chikamu chinonzi Mazwi aMormoni. Chikamu ichi chinobatanidza zvinyorwa zviriri pamahwendefa maduku nekupfupiswa kweMahwendefa Makuru kwakaitwa naMormoni.

Chikamu chakarebesa, kubva kuna Mosaya kusvika kuna Mormoni, chitsauko 7, pamwechete, kududzirwa kwekupfupiswa kweMahwendefa Makuru aNifai kwakwaitwa naMormoni. Chikamu chokupedzisira, kubva kuna Mormoni, chitsauko 8, kusvika kumagumo ebhuku, chakanyorwa nomwanakomana waMormoni ainzi Moronai, uyo, shure kwokunge apedza kunyora nezveupenyu

hwababa vake, akapfupikisa rungano rwamaJaredhi (seBhuku raEta) akazopamidzirawo chimwe chikamu chinozivikanwa se-Bhuku raMoronai.

Mugore 421 Kristu azvarwa kana kuti pedyo nenguva iyoyo, Moronai, muporofita nemunyori wokupedzisira wamaNifai, akasunganidza zvinyorwa zvinoyera akazviviga kuna Ishe, kuti zvizoburitswa zvakare mumazuva ekupedzisira, sokutaurwa kwazvakaitwa nezwi raMwari richibva kuvaporofita vake vakare. Muna 1823 Kristu azvarwa, Moronai mumwecheteyo, somunhu akange amutswa kuvafi, akashanyira muporofita Joseph Smith akazomupa mahwendefa akanyorwa.

MUBHUKU RAMORMONI

<i>Zita</i>	<i>Peji</i>
Bhuku roKutanga raNifai	1
Bhuku reChipiri raNifai	66
Bhuku raJakobho	146
Bhuku raEnosi	170
Bhuku raJaromu	173
Bhuku raOmuni	175
Mazwi aMormoni	179
Bhuku raMosaya	181
Bhuku raAruma	258
Bhuku raHiramani	463
Nifai weChitatu	512
Nifai weChina	583
Bhuku raMormoni	588
Bhuku raEta	611
Bhuku raMoronai	651

BHUKU ROKUTANGA RANIFAI

KUTONGA NEHUSHUMIRI HWAKE

Nyaya yaRihai nemudzimai wake Saria, navanakomana vake vana, vachidaidzwa, kunzi (tichitangisa nomukuru) Ramani, Remueri, Semu, naNifai. Ishe anoyambira Rihai kuti abve munyika yeJerusarema, nokuti anoporofita kuvanhu ava pamusana pokui-pa kwavo saka vave kutsvaga kuparadza upenyu hwake. Anotora rwendo rwemazuva matatu kupinda murenje nemhuri yake. Nifai anotora vakoma vake vodzokera kunyika yeJerusarema kunotora zvinyorwa zvinotaura nezvamaJuda. Zvinyorwa zvokutambudzika kwavo. Vanowana vanasikana vaIshmaeri. Vanotora mhuri dzavo voenda murenje. Kutambudzika nokurwadziwa kwavo vari murenje. Nzira yavakateedza. Vanosvika pamvura zhinji. Vakoma vaNifai vanomupandukira. Anovanyadzisa, uye anovaka ngarava. Vanodaidza nzvimbo iyi kuti Nyika yeMaguta. Vanoyambuka mvura zhinji vosvika munyika yechipikirwa, nezvimwewo. Izvi zviri maererano nokunyorwa kwazvakaitwa naNifai; kana kuti nemamwe mazwi, ini, Nifai ndini ndakanyora zvinyorwa izvi.

CHITSAUKO 1

Nifai anotangisa nyaya yevanhu vake—Rihai anoona muchiratidzo mutswi wemoto uye anoverenga kubva mubhuku rehuporofita—Anorumbidza Mwari, anofanotaura pamusoro pokuuuya kwaMesia, uye anoporofita pamusana pokuparadzwa kweJerusarema—Anoshungurudzwa nemaJuda. Zvingangove makore 600 Kristu asati azvarwa.

INI ^aNifai, somunhu akazvarwa ^bnavabereki ^cvakanaka, naizvozvo ^dndakafundiswa izvo zvose zvaizivikanwa nababa

vangu; uye nekunge ndaona ^ematambudziko akawanda mukufamba kwamazuva angu, asi zvisinei, sezvo ndakanga ndakaropafadzwa naIshe mumazuva ose angu; hongu, nokuva noruzivo rwokuru rwokunaka ^fnezvakavanzika zvaMwari, nokudaro ^gndinonyora nyaya ye-zvaiitika mumazuva angu.

2 Hongu, ndinonyora nyaya iyi ^amururimi rwababa vangu, rwakavakwa kubva mudzidzo yamaJuda nomutauro wama-Egipita.

3 Uye ndinoziva kuti nyaya yandinonyora ^andeyechokwadi;

[1 NIFAI]

1 1a NKM Nifai,
Mwanakomana
waRihai.
b D&Z 68:25, 28.
NKM Vabereki.
c Zir. 22:1.

d Eno. 1:1;
Mosaya 1:2–3.
NKM Dzidzisa.
e NKM Matambudziko.
f NKM Zvakavandika
zvaMwari.
g NKM Magwaro

matsvene.
2a Mosaya 1:2–4;
Morm. 9:32–33.
3a 1 Ni. 14:30;
Mosaya 1:6;
Eta 5:1–3;
D&Z 17:6.

uye ndinoinyora neruoko rwangu; uye ndinoinyora maerera-noruzivo rwangu.

4 Nekuti zvakaitika kuti mukutanga kwegore ^arokutanga rekutonga ^bkwaZedekia, mambo wamaJuda, (baba vangu Rihai, semunhu akagara ^cmuJerusarema mazuva ake ose); uye mugore rimwechetero kwakauya ^dmaporofita vazhinji, vakaporofita kuvanhu vachiti makafanira kute-ndeuka, kana kuti guta guru ^ereJerusarema rakafanirwa kuparadzwa.

5 Naizvozvo zvakaitika kuti baba vangu, ^aRihai, mukufamba kwavo vakanamata kuna Ishe, hongu, kana ^bnemwoyo wavo wose, vachinamatira vanhu vavo.

6 Uye zvakaitika kuti vachinamata kudaro kuna Ishe, kwakauya ^amutswi womoto ukagara pamusoro pedombo rakanga riri mberi kwavo; vakanzwa vakaona zvakawanda; nokuda kwezvinhu zvavakaona nokunzwa vakabvunda uye vakadedera zvikuru.

7 Uye zvakaitika kuti vakaodzokera kumba kwavo kuJerusarema; vakazvikanda pauriri hwavo, nokuda ^akwokukurirwa

noMweya nezvinhu zvavakanga vaona.

8 Uye vakabatwa kudaro noMweya, vakatakurwa vari ^amuchiratidzo, naizvozvo vakaona ^bmatenga achizarurwa, vakayeka kuti vakanga vaona Mwari vakagara pachigaro chavo chokutonga, vakakomberedzwa navanhu vasingaverengeke vari vatumwa vaiimba nokurumbidza Mwari vavo.

9 Uye zvakaitika kuti vakaona Mumwe achidzika kubva mukati medenga, vakaona kuti ^akupenya kwake kwakanga kwakadarika kupenya kwezvuvaramasikati.

10 Uye vakaona vamwezve ^agumi navaviri vachimutevera, kupenya kwavo kwakanga kwakadarika kupenya kwenyenyedzi dzedenga.

11 Uye vakadzika pasi vakafamba pamusoro penyika; uye vokutanga vakauya vakamira pamberi pababa vangu, vakavapa ^bbhuku, vakavakumbira kuti vanofanira kuriverenga.

12 Uye zvakaitika kuti panguva yavaiverenga, vakazadzwa ^anoMweya waIshe.

13 Uye vakaverenga, vachiti: Nhamo, nhamo, kuJerusarema, nokuti ndaona kuita kwenyu

4a NKM Kuronga nenguva—598
Kristu asati azvarwa.
b II Mak. 36:10;
Jer. 52:3-5;
Omu. 1:15.
c I Mak. 9:3.
d II Madz. 17:13-15;
II Mak. 36:15-16;
Jer. 7:25-26.
NKM Muporofita.
e Jer. 26:18; 2 Ni. 1:4;

Hir. 8:20.
5a NKM Rihai, Baba vaNifai.
b Jkb. 5:16.
6a Eks. 13:21;
Hir. 5:24, 43;
D&Z 29:12;
Nh—JS 1:16.
7a Dan. 10:8;
1 Ni. 17:47;
Mos. 1:9-10;
Nh—JS 1:20.

8a 1 Ni. 5:4.
NKM Kuratidzwa (Chiratidzo).
b Ezk. 1:1;
Mabasa 7:55-56;
1 Ni. 11:14;
Hir. 5:45-49;
D&Z 137:1.
9a Nh—JS 1:16-17.
10a NKM Muapostori.
11a Ezk. 2:9.
12a D&Z 6:15.

“kwakaipisisa! Hongu, uye zvakawanda zvinhu zvakavere-ngwa nababa vangu pamusana ^bpeJerusarema—kuti rinofanirwa kuzoparadzwa, pamwe navanhu vacho; vazhinji vachafa nomunondo, uye vazhinji vachatakurwa senhapwa vachiendeswa kuBabironi.

14 Uye zvakaitika kuti apo baba vangu vakanga vaverenga nokuona zvinhu zvikuru zvakawanda zvinoshamisa, vakashamiswa vakadaidzira zvinhu zvakawanda kuna Ishe; zvakadai sokuti: Makuru uye anoshamisa mabasa enyu, Ishe Mwari Vamasimba Ose! Chigaro chenyu chiri kumusoro kumatenga, uye simba, nokunaka, netsitsi dzenyu dziri kuvanhu vose vari panyika; saka, nenzira yokuti mune tsitsi, hamuzobvumira kuti avo “vanouya kwamuri vaparare!

15 Uye uyu ndiwo waive mutauriro wababa vangu mukurumbidza Mwari wavo; nokuti mweya wavo wakafara, uye mwoyo wavo wakazadzwa, nokuda kwezvinhu zvavakanga vaona, hongu, izvo vakanga varatidzwa naIshe.

16 Uye zvino ini Nifai, handisi kunyora zvole zvakanyorwa nababa vangu, nokuti vakanyora zvinhu zvizhinji zvavairatidzwa nezvavairotswa; uye

vakanyorawo zvizhinji “zvavakaporofita vakataura kuvana vavo, izvo zvandisinganyore zvole pano.

17 Asi ndichanyora zvandaiita mumazuva angu. Tarisai, ini “ndinopfupikisa ^bzvinyorwa zvababa vangu, pamahwendefa andakaita namaoko angu; nokudaro, shure kwokunge ndapfupikisa zvinyorwa zvababa vangu ndichazogadzira zvinyorwa zvoupenyu hwangu.

18 Naizvozvo, ini ndinoda kuti muzive, kuti shure kwokunge Ishe varatidza baba vangu Rihai zvinhu zvakawanda zvinoshamisa, hongu, pamusana “pokuparadzwa kweJerusarema, tarisai vakaenda kuvanhu, vakatangisa ^bkuporofita noku-pupura kwavari pamusana pezvinhu zvavakanga vaona nezvavakanzwa.

19 Uye zvakaitika kuti maJuda “vakamunyomba nokuda kwezvinhu zvavakanga vapupura pamusoro pavo; nokuti zvechokwadi vakapupura pamusana pokuipa kwavo nezviito zvavo zvinonyadzisa; uyezve vakapupura kuti zvinhu zvavakanga vaona nokunzwa, uye nezvinhu zvavakanga vaverenga mubhuku, zvakaburitsa pachena kuuya ^bkwaMesia, norununurowo rwepasi.

13a II Madz. 24:18–20;
II Mak. 36:14.
b II Madz. 23:27; 24:2;
Jer. 13:13–14;
2 Ni. 1:4.
c II Madz. 20:17–18;
2 Ni. 25:10;
Omu. 1:15.

14a Aruma 5:33–36;
3 Ni. 9:14.
16a 1 Ni. 7:1.
17a 1 Ni. 9:2–5.
b 1 Ni. 6:1–3; 19:1–6;
2 Ni. 5:29–33;
D&Z 10:38–46.
18a 2 Ni. 25:9–10;

D&Z 5:20.
b NKM Huporofita.
19a II Mak. 36:15–16;
Jer. 25:4;
1 Ni. 2:13; 7:14.
b NKM Mesia.

20 Uye maJuda zvaakanzwa izvi vakamushatirirwa; uye kana maporofita vekare, “vavaitandanisa, nokutaka namabwe, nokuuraya; saka vakatsvagawo, kuti vamuuraye. Asi tarisai, ini Nifai, ndinokuratidzai kuti ^btstsi dzaIshe dziri kuna vose avo vavakasarudza, nokuda kwokutenda kwavo, kuti vavape masimba anovasvitsa mukupona.

CHITSAUKO 2

Rihai anoenda nemhuri yake murenje riri pedyo neGungwa Dzvuku — Vanosiya pfuma yavo — Rihai anopira kuna Ishe nokudzidzisa vanakomana vake kuti vachengetedze mirairo — Ramani naRemueri vanotsutsumwa pamusana pababa vavo — Nifai anoteerera nokunamata nokutenda; Ishe vanotaura kwaari, uye anosarudzwa kuti atonge vakoma vake. Zvingangove makore 600 Kristu asati azvarwa.

ZVINO tarisai, zvakaitika kuti Ishe vakataura kuna baba vangu, hongu, kana muhope, vakati kwavari: Wakakomborerwa iwe Rihai, nokuda kwezvinhu zvakaita; uye nokuti wakava wakatendeseka nokutaurira vantu zvinhu izvo ndakakuraira iwe, tarisai, vanotsvaka kuti “vaparadze upenyu hwako.

2 Uye zvakaitika kuti Ishe ^avakairaira baba vangu, ^bmuhope,

kuti anofanirwa kutora mhuri yake aende murenje.

3 Uye zvakaitika kuti ^avakateerera mazwi alshe, naizvozvo vakaita sokurairwa kwavakange waitwa naIshe.

4 Uye zvakaitika kuti vakasi-muka vakaenda murenje. Uye vakasiya imba yavo, nyenika yamadzitateguru avo, negoridhe yavo nesirivha yavo, nezvinhu zvavo zvinokosha, vakaenda vasina chinhu, kunze kwemhuri yavo, nezvekudya, namatende, ^avakaenda murenje.

5 Uye vakasvika munyasi ^ameGungwa Dzvuku; vakafamba murenje pedyo nenzvimbo dziri munyasi meGungwa Dzvuku; vakafamba murenje nemhuri yavo, iyo yaiti amai vangu, Saria, navakoma vangu, vaiva ^bRamani, Remueri naSemu.

6 Uye zvakaitika kuti vafamba mazuva matatu murenje, vakamisa tende yavo ^amunhika yakange iri pedyo norwizi rwemvura.

7 Uye zvakaitika kuti vakavaka ^aarita ^byamatombo, vakapira kuna Ishe, ^cvakatenda Ishe Mwari vedu.

8 Uye zvakaitika kuti vakaidza rwizi urwu kuti, Ramani, uye rwairasira muGungwa Dzvuku; uye nhika iyi yaive pedyo nepaidira rwizi urwu mugungwa.

9 Uye apo baba vangu vakaona

20a Hir. 13:24–26.

b Aruma 34:38;
D&Z 46:15.

NKM Anetsitsi.

2 1a 1 Ni. 7:14.

2a 1 Ni. 5:8; 17:44.

b NKM Kurota.

c Gen. 12:1;

2 Ni. 10:20; Eta 1:42;

Abr. 2:3.

3a NKM Anoteerera.

4a 1 Ni. 10:4; 19:8.

5a 1 Ni. 16:14;

D&Z 17:1.

b NKM Laman.

6a 1 Ni. 9:1.

7a Gen. 12:7–8;

Eks. 24:4; Abr. 2:17.

b Eks. 20:25;

Deut. 27:5–6.

c NKM Kupakutendo.

kuti rwizi urwu rwairasira mu-
chidziva cheGungwa Dzvuku,
vakataura kuna Ramani, vachi-
ti: Dai ukaita serwizi urwu,
uchimhanya nguva dzose kupi-
nda mumavambo outsvene!

10 Uye vakataurawo kuna Re-
mueri: Dai ukaita senhika iyi,
wakatakamara, wakasimba, uye
usingazungunuke pakuchenge-
tedza mirairo yaIshe!

11 Zvino vakataura izvi noku-
da kweukukutu hwemwoyo
waRamani naRemueri; nokuti
tarisai “vakatsutsumwa muzvi-
nhu zvakawanda pamusana
pokuita ^bkwababa vavo, nokuti
vakanga vari munhu “anoro-
tswa, uye vakanga vavatunga-
mirira kubva munyika yeJeru-
sarema, kusiya nyika yavo
yenhaka, negoridhe yavo, nesi-
rivha yavo, nezvimwe zvinhu
zvinokosha kwavari, kuti vafi-
re murenje. Vakati vakaita izvi
pamusana pemwoyo wavo uno-
funga zvinhu zvisina maturo.

12 Saka uku ndiko kutaura ne-
kutsutsumwa kwaRamani na-
Remueri, sevana vakuru vaba-
ba wavo. Vaitsutsumwa nokuti
vakanga “vasingazive kuita
kwaMwari avo vakavasika.

13 Havaitendazve kuti Jerusa-
rema, guta riye guru, “raizopa-
radzwa maererano namazwi
avaporofita. Zve vakanga vave
samaJuda vakanga vari muJeru-

sarema, avo vakatsvaga kupara-
dza upenyu hwababa vangu.

14 Uye zvakaitika kuti baba
vangu vakataura kwavari mu-
nhika raRemueri, “nesimba, va-
kazadzwa noMweya, kusvikira
miviri yavo ^byadedera pamberi
pavo. Vakavakanganisa, zvo-
kuti havana kukwanisa kutaura
chimwe chinhu pamusoro pavo;
saka naizvozvo, vakaita sezva-
vakavaudza.

15 Baba vangu vaigara mutende.

16 Uye zvakaitika kuti ini
Nifai, sezvo ndakanga ndiri mu-
duku chaizvo, asi ndakanga
ndakakura pamumhu, uye zva-
kare ndakanga ndine chido cho-
kuziva “zvakanzika zvaMwari,
naizvozvo, ndakachema kuna
Ishe; naizvozvo ^bvakandisha-
nyira, vakava “vanonyevenutsa
mwoyo wangu nokudaro “ndi-
katenda mazwi ose akataurwa
“nababa vangu; saka, handina
kuvapandukira sezvakaita va-
koma vangu.

17 Uye ndakataura kuna Semu,
ndichimuzivisa zvinhu izvo Ishe
vakange vandiratidza noMweya
Mutsvene wavo. Uye zvakaitika
kuti akatenda mazwi angu.

18 Asi, tarisai, Ramani naRe-
mueri havana kuteerera mazwi
angu; uye “nokusuwiswa noku-
da kwokuoma kwomwoyo yavo
ndakavachemera kuna Ishe.

19 Uye zvakaitika kuti Ishe

11a 1 Ni. 17:17.

NKM Kutsutsumwa.

b Zir. 20:20.

c 1 Ni. 5:2–4.

12a Mos. 4:6.

13a Jer. 13:14; 1 Ni. 1:13.

14a NKM Simba.

b 1 Ni. 17:45.

16a NKM Zvakavandika
zvaMwari.

b Mpi. 8:4; Aruma

17:10; D&Z 5:16.

NKM Zvakazarurwa.

c I Madz. 18:37;

Aruma 5:7.

d 1 Ni. 11:5.

e NKM Baba,
Vepanyama;
Muporofita.

18a Aruma 31:24;

3 Ni. 7:16.

vakataura kwandiri, vachiti: Wakakomborerwa iwe, Nifai, nokuda “kwokutenda kwako, nokuti wakanditsvaga nechido nesimba, nokuzvirerera kwo-mwoyo.

20 Uye mukuteerera nokuche-ngeta mirairo yangu, “uchabu-dirira, uye uchatungamirwa ^bkunyika yechipikirwa; hongu, kunyange nyika iyo yandakaku-gadzirira iwe; hongu, nyika ya-kanaka kupinda dzimwe dzose.

21 Uye vakoma vako vose va-kakupandukira, “vachabviswa pamberi paIshe.

22 Uye mukuchengeta mirairo yangu, uchazoitwa “mutongi nomudzidzisi pamusoro pava-koma vako.

23 Zvino tarisai, nezuva iro ra-vachandipandukira, “ndichava-tuka nekutuka kunorwadza, zve havachazove nesimba pamusoro pembeu yako nokuti vakadaro vanenge vatopandukira iniwo.

24 Uye kana kuri kudaro kuti vapandukira ini, vachazove “tyava kumbeu yako, ^bzvinozo-ita kuti varangarire.

CHITSAUKO 3

Vanakomana vaRihai vanodzokera kuJerusarema kuti vandotora mahwendefa endarira — Rabhani anoramba kuvapa mahwendefa — Nifai

anokurudzira nokusimbisa vakoma vake — Rabhani anoba zvinhu zvavo oedza kuvauraya — Ramani naRemueri vanorova Nifai naSemu zve vanopopoterwa nengirozi. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mushure mokutaura naIshe, ini Nifai, ndakadzokera kutende yababa vangu.

2 Uye zvakaitika kuti vakata-ura neni, vachiti: Tarisai, ndarotswa “hope, ndichinzi naIshe iwe nevakoma vako muchadzo-kera kuJerusarema.

3 Nokuti tarisai, Rabhani ane zvinyorwa zvamaJuda uye “nenhoroondo yekuzvarwa kwamadzitateguru angu, zve zvaka-nyorwa pamahwendefa endarira.

4 Nokudaro, Ishe vandiraira kuti iwe navakoma vako muen-de kuimba yaRabhani, munotsvaga zvinyorwa, muuye nazvo muno murenje.

5 Uye zvino tarisai, vakoma vako vanotsutsumwa, vachiti chinhu chakaoma chandavati vaite; asi tarisai handina kuti va-zviite, asi kuti murairo waIshe.

6 Naizvozvo enda, mwanako-mana wangu, uye uchadiwa naIshe, nokuti “hauna kutsu-tsumwa.

7 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakati kuna baba vangu:

19a 1 Ni. 7:12; 15:11.

20a Josh. 1:7; 1 Ni. 4:14;
Mosaya 1:7

b Deut. 33:13–16;

1 Ni. 5:5; 7:13;

Mos. 7:17–18.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

21a 2 Ni. 5:20–24;

Aruma 9:13–15; 38:1.

22a Gen. 37:8–11;

1 Ni. 3:29.

23a Deut. 11:28;

1 Ni. 12:22–23;

D&Z 41:1.

24a Josh. 23:13;

Vat. 2:22–23.

b 2 Ni. 5:25.

3 2a NKM Kurota.

3a 1 Ni. 5:14.

6a NKM Kutsigira

Vatungamiri

veChechi.

“Ndichaenda ndonoita zvinhu izvo Ishe araira, nokuti ndinoziva kuti Ishe havape ^bmirairo kuvana vavanhu, kunze kwokunge ‘vachivagadzirira nzira yokuti vagozobudirira pazvinhu zvavanenge vavaraira.

8 Uye zvakaiteka kuti baba vangu pavakanga vanzwa mazwi aya vakava nokufara kukuru, nokuti vaiziva kuti ndakanga ndakomborerwa naIshe.

9 Uye ini Nifai, navakoma vangu takasimuka kubva murenje, nematende edu, tikaenda parwendo rvedu rwekunyika yeJerusarema.

10 Uye zvakaiteka kuti apo takanga taenda kunzvimbo yeJerusarema, ini pamwe navakoma vangu takabvunzana mazano kubva kune mumwe nomumwe.

11 Uye “takakanda mijenya—kuti ndiani anofanirwa kuenda muimba yaRabhani. Uye zvakaiteka kuti mijenya yakarova ikandowira pana Ramani; zvino Ramani akaenda muimba yaRabhani, saka akataura naye agere mumba make.

12 Uye akakumbira Rabhani zvinyorwa zvakanga zviripamahwendefa endarira, akange aine “nenhoroondo yekuzvarwa kwababa vangu.

13 Uye tarisai, zvakaiteka kuti Rabhani akashatirwa, akamutandira kunze kubva paari;

akaramba kuti atore zvinyorwa. Naizvozvo, akati kwaari: Tarisai uri gororo, uye ndichakuuraya.

14 Asi Ramani akatiza, akazotidza zvinhu zvakanga zvaitwa naRabhani, kwatiri. Takavamba kuva nokusuwa kukuru, uye vakoma vangu vakange voda kudzokera murenje umo maiva nababa.

15 Asi tarisai ndakati kwavari: Kana Ishe vachirarama, isu tichirarama, hatisi kuzodzokera kuna baba vedu murenje kana tisina kunge tabudirira pazvinhu izvo Ishe vakatituma.

16 Naizvozvo, ngativei tinotendeke mukuchengeta mirairo yaIshe; saka ngatidzike kunzvimbo “yechizvarwa chamadzibaba edu, nokuti tarisai vakasiya goridhe nesirivha, nehumwewo upfumi hwakasiyana-siyana. Izvi zvose vakazviita nokuda ^bkwemirairo yaIshe.

17 Nokuti aiziva kuti Jerusarema inofanira “kuparadzwa, nenzira yokuipa kwavanhu.

18 Nokuti tarisai, “varamba mazwi amaporofita. Naizvozvo, kana baba vangu vagara munzvimbo iyi shure kwokunge ^bvaudzwa kuti vatize kubva mairi, tarisai, vachaparadzawo. Naizvozvo, zvinofanirwa kuti vatize kubva munzvimbo iyi.

19 Uye tarisai, ungaru munaMwari kuti titore “zvinyorwa

7a I Sam. 17:32;
I Madz. 17:11–15.
NKM Rutendo;
Anoteerera.
b NKM Mirairo
yaMwari.
c Gen. 18:14; VaF. 4:13;

1 Ni. 17:3, 50;
D&Z 5:34.
11a Neh. 10:34;
Mabasa 1:26.
12a 1 Ni. 3:3; 5:14.
16a 1 Ni. 2:4.
b 1 Ni. 2:2; 4:34.

17a II Mak. 36:16–20;
Jer. 39:1–9;
1 Ni. 1:13.
18a NKM Hupanduki.
b 1 Ni. 16:8.
19a Omu. 1:17;
Mosaya 1:2–6.

makumi mashanu; ko zvino isu angatitadze nei?

CHITSAUKO 4

Nifai anouraya Rabhani atumwa naIshe uye obva atora mahwendefa endarira nenjere—Zoramu anosarudza kubatana nemhuri yaRihai murenje. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ndakataura navakoma vangu, ndichiti: Ngatiendei zvakare kuJerusarema, uye ngative “nokutendeka mukuchengeta mirairo yaIshe; nokuti tarisai vane ^bsimba kupinda pasi rose, ko zvino angatadze sei kukunda Rabhani namakumi mashanu ake, hongu, kana makumi ezviuru zvake?

2 Naizvozvo ngatiende; ngativei ^anesimba ^bsaMosesi; zvechokwadi akataurira mvura ‘yeGungwa Dzvuku zve ikapatsanuka napakati, naizvozvo madzibaba edu vakapfuura, kubva muusungwa, nepakaoma, mauto aFarao akatevera asi akanyura muGungwa Dzvuku.

3 Zvino tarisai munoziva kuti izvi ndezvechokwadi; uye zvakare munoziva kuti ^angirozi yataura nemi; saka mungave nokukahadzika here? Ngatiendei; Ishe anokwanisa kutiponesa, sekuponesa kwaakaita

madzibaba edu, nokuparadza Rabhani, sezvaakaita maEgipita.

4 Zvino zvandakange ndataura mazwi aya, vakaramba vakashatirwa, uye vakaramba vachitsutumwa; asi zvisinei vakanditevera kusvikira tasvika kunze kwemasvingo eJerusarema.

5 Uye hwakanga hwave usiku; saka ndakavaita kuti vahwande kunze kwemasvingo. Shure kwokunge vahwanda, ini Nifai, ndakaveredza ndikapinda muguta ndikaenda kumba kwa-Rabhani.

6 Uye ^andakatungamirirwa noMweya, ndisati ^bndavakuziva zvinhu zvandaifanira kuita.

7 Zvisinei ndakaramba ndichienda, ndava pedyo nempa yaRabhani ndakaona murume, uye akanga akapuzika pamberi pangu, nokuti akanga akarardza nedoro.

8 Uye zvandakasvika paari ndakaona kuti ndiRabhani.

9 Uye ndakaona ^amunondo wake, ndikawubvisa muhara saizvozvo; mubato wawo wakanga uri wegoridhe chaiyo, uye nomugadzirirwo wawo wairatidza umhizha, ndakaona kuti munondo uyu wakanga uri wesimbi inokosha.

10 Uye zvakaitika kuti ^andakatunhwa noMweya kuti ndinofanira kuti ndiuraye Rabhani; asi ndakati mumwoyo mangu: Handina kumbobvira pane ipi nguva zvayo ndadeura ropa

4 1a NKM Hushinga;

Rutendo.

b 1 Ni. 7:11–12.

2a Deut. 11:8.

b NKM Mosesi.

c Eks. 14:21;

1 Ni. 17:26;

Mosaya 7:19.

3a 1 Ni. 3:29–31; 7:10.

6a NKM Mweya

Mutsvene;

Kutunhwa.

b VaH. 11:8.

9a 2 Ni. 5:14; D&Z 17:1.

10a Aruma 14:11.

romunhu. Ndakadududza ndikati dai ndarega kumuuraya.

11 Uye Mweya wakati kwandiri zvakare: Tarisai “Ishe vamuisa mumaoko ako. Hongu, ini ndikazivawo kuti akambenge atsvaga kundiuraya; haana kuteerera mirairo ya-Ishe; uye kuti akanga ^batora zvinhu zvedu.

12 Uye zvakaitika kuti Mweya wakati kwandiri zvakare: Muuraye, nokuti Ishe vamuisa mumaoko ako;

13 Tarisai Ishe “vanouraya ^bvakaipa kuti vaunze zvinhu zvakarurama. Zviri ‘nani kuti munhu mumwechete afe pane kuti nyika iderere nokufira mukusatenda.

14 Uye zvino, pandakanga ini, Nifai, ndanzwa mazwi aya, ndakarangarira mazwi aIshe avakanga vandiudza murenje, vachiti: “Kana mbeu yako ikachengeta ^bmirairo yangu, ‘ichabudirira “munyika yechipikirwa.

15 Hongu, zvakare ndakafunga kuti havaizokwanisa kuchengeta mirairo yaIshe maererano nemitemo yaMosesi, kunze kwekunge vainawo mutemo.

16 Uye zvakare ndakaziva kuti “mutemo wakanga wakanyorwa pamahwendefa endarira.

17 Uye zvakare, ndakaziva kuti Ishe vakanga vaisa Rabhani mumaoko angu nokuda kwechikonzero ichi — kuti ndikwa-

nise kutora zvinyorwa izvi maererano nokuraira kwavo.

18 Naizvozvo ndakateerera izvi roMweya, ndikabata Rabhani nebvudzi remusoro, ndikadimura musoro wake “nemunondo wake.

19 Uye shure kwokunge ndadimura musoro wake nemunondo wake, ndakatora mbatya dza-Rabhani ndikadzifeka pamuviri pangu; hongu, nezvimwe zvose; ndikatora nguwo dzake dzehondo ndikasungira muchiuno changu.

20 Uye shure kwokunge ndaita izvi, ndakaenda uko kwaichengeterwa upfumi hwaRabhani. Ndichienda kwaichengeterwa upfumi hwaRabhani, tarisai, ndakaona “muranda waRabhani akange ane makii ekwaichengeterwa upfumi. Ndakamuudza nezwi seraRabhani, kuti aendeni kwaichengeterwa upfumi uku.

21 Uye akafunga kuti ndini tenzi wake Rabhani, nokuti akaona mbatya nemunondo wakange uri muchiuno changu.

22 Uye akataura kwandiri pamusana pavatungamiri vama-Juda, nokuti aiziva kuti tenzi wake, Rabhani, akanga ari kunze navo usiku.

23 Uye ndakataura naye sendakanga ndiri Rabhani.

24 Uye ndakataura naye zvakare kuti ndaifanira kutakura zvinyorwa izvi, izvo zvakanga

11a I Sam. 17:41–49.

b 1 Ni. 3:26.

13a 1 Ni. 17:33–38;

D&Z 98:31–32.

b NKM Akaipa.

c Aruma 30:47.

14a Omu. 1:6;

Mosaya 2:22;

Eta 2:7–12.

b NKM Mirairo

yaMwari.

c 1 Ni. 2:20.

d 1 Ni. 17:13–14;

Jak. 2:12.

16a NKM Mutemo waMosesi.

18a I Sam. 17:51.

20a 2 Ni. 1:30.

zviri “pamahwendefa endarira, kune vakoma vangu, vakanga vari kunze kwerusvingo.

25 Uye ndakamuti anditevere.

26 Uye iye, nokufungidzira kuti ndaitaura pamusana penhengo dzechechi, uye kuti zvehokwadi ndakanga ndiri Rabhani uyo wandakanga ndauraya, nokudaro akanditevera.

27 Uye akataura kwandiri kazhinji kwazvo pamusana pavatungamiri vamaJuda, tichienda kuvakoma vangu, avo vakanga vari kunze kwemasvingo.

28 Uye zvakaitika kuti apo Ramani akandiona akava nokutya kukuru, uye pamwe naRemueri naSemu. Saka vakanditiza; nokuti vakafunga kuti ndiRabhani, uye akanga andiuraya zvino akange ave kutsvaga kuvaurayawo.

29 Uye zvakaitika kuti ndakashevedzera vakandinzwa; naizvozvo vakabva varega kunditiza.

30 Uye zvakaitika kuti muranda waRabhani zvaakaona vakoma vangu akatangisa kubvunda, uye akanga ava kuda kutiza kuti adzokere muguta reJerusarema.

31 Uye zvino ini Nifai, somunhu akanga ari mukuru pamunhu, uye somunhu akanga apiwa “simba rakawanda raIshe, ndakakwanisa kubata muranda waRabhani, kuti asatiza.

32 Uye zvakaitika kuti ndakataura naye, kuti akateerera

kumazwi angu, kuti sezvo Ishe vachirarama, uye sezvo ini ndichirarama, naiye akava anoteerera kumazwi edu, hataimuuraya.

33 Uye ndakataura naye, kunyange “nekupika kuti asatyey; nokuti kana ainge abvuma kuenda nesu murenje aizenge akasununguka sesu.

34 Uyezve ndakataura naye, ndichiti: Chokwadi Ishe “vatiudzwa kuti tiite chinhu ichi; zvino torega here kusimba mukuchengeta mitemo yaIshe? Saka, ukaenda murenje kuna baba vangu uchawana nzvimbo pamwechete nesu.

35 Uye zvakaitika kuti “Zoramu akapiwa kushinga nemazwi andakataura. Zvino Zoramu ndiro rakanga riri zita romuranda uyu; akavimbisa kuti aizounda nesu murenje kuna baba vedu. Hongu, akavimbisawo kuti aizogara nesu kubva panguva iyoyo.

36 Zvino takada kuti agare nesu nechikonzero ichi, kuti maJuda asazokwanisa kuziva nezvekutiza kwedu tichienda murenje, nokuti vaizotitsvaga vakatiparadza.

37 Uye zvakaitika kuti “pakapika Zoramu achitipa ruvimbiso rwake, kutya kwedu pamusoro pake kwakapera.

38 Uye zvakaitika kuti takatora mahwendefa endarira pamwe nomuranda waRabhani, tikanda murenje, tikafamba rwendo kuenda kutende yababa vedu.

24a 1 Ni. 3:12, 19–24;
5:10–22.

31a Mosaya 9:17;
Aruma 56:56.

33a NKM Chitsidzo.

34a 1 Ni. 2:2; 3:16.

35a 1 Ni. 16:7;
2 Ni. 5:5–6.

NKM Zoramu.

37a Josh. 9:1–21;

Mpa. 5:4.

NKM Chitsidzo.

CHITSAUKO 5

Saria anotsutsumwa pamusana paRihai—Vose vanofara shure kwokudzoka kwavanakomana vavo—Vanopa mipiro—Mahwendefa endarira ane zvinyorwa zvaMosesi navaporofita—Mahwendefa anoratidza kuti Rihai ndewechizvarwa chaJosefa—Rihai anoporofita pamusana pembeu yake nokuchengezedzwa kwamahwendefa. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti shure kwokunge tasvika murenje umo makanga muina baba vedu, tarisai, vakazadzwa nomufaro, uye kana amai vangu, “Saria, vakafara zvikuru, nokuti zvechokwadi vakanga vachichema pamusana pedu.

2 Nokuti vaifunga kuti takanga tafa murenje; uye vakanga vatsutsumwa pamusana pababa vangu, vachivaudza kuti aiva munhu anorota zvisipo; vachiti: Tarisai wakatitungamirira kubva kunzvimbo yatakaberekerwa, uye vanakomana vangu hapasisina, uye isu tave kufira murenje.

3 Uye ndiko kutaura kwaiita amai vangu kuna baba vachivapopotera.

4 Uye zvakaitika kuti baba vakataura navo vachiti: Ndinoziva kuti ndiri munhu “anoratidzwa zvinhu; nokuti dai ndisina

kuona zvinhu zvaMwari ^bmu-chiratidzo handaikwanisa kuzoziva kunaka kwaMwari, asi ndingadai ndakagara kuJerusarema, uye ndakafa pamwechete nevamwe vangu.

5 Asi tarisai, ndawana chivimbiso “chenyika yechipikirwa, zviri zvinhu zvinondifadza; hongu, uye ^bndinoziva kuti Ishe achabvisa vanakomana vangu kubva mumaoko aRabhani, ozovadzosa zvakare kwatiri murenje.

6 Uye uku ndiko kwaiva kutaura kwababa vangu Rihai, vachinyaradza amai vangu, Saria, pamusana pedu, isu tiri parwendu murenje rwokuenda kunyika yeJerusarema, kuti tinotora zvinyorwa zvamaJuda.

7 Uye patakadzokera kutende yababa vangu, tarisai vakafara zvikuru, uye amai vakanyaradzwa.

8 Uye vakataura, vachiti: Zvino ndavakuziva zvechokwadi kuti Ishe “vaudza murume wangu kuti atizire murenje; hongu, uye zvakare ndinoziva zvechokwadi kuti Ishe vachengetedza vanakomana vangu, uye vavabvisa mumaoko aRabhani, vakavapa simba rokuti ^bvapedze kuita zvavakanga vatumwa naIshe. Uye ndiko kutaura kwakaitwa naamai.

9 Uye zvakaitika kuti vakafara zvikuru, uye vakapira “mupiro newekupisa kuna Ishe; uye

5 1a NKM Sarai.

4a 1 Ni. 2:11.

b 1 Ni. 1:8–10.

NKM Kuratidzwa
(Chiratidzo).

5a 1 Ni. 2:20; 18:8, 22–23.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

b NKM Rutendo.

8a 1 Ni. 2:2.

b 1 Ni. 3:7.

9a Mosaya 2:3;

3 Ni. 9:19–20.

NKM Mutemo
waMosesi.

vakapa ^bkutenda kuna Mwari vamaIsraeri.

10 Uye shure kwokutenda kwavo kuna Mwari vamaIsraeri, baba vangu Rihai, vakatora zvinyorwa zvakanga zviru “pamahwendefa endarira, uye vakazvzvera kubvira pekutanga.

11 Uye vakaona kuti akanga ana “mabhuku mashanu aMosesi, ayo aitsanangura pamusana pokusikwa kwenyika, uye nezvaAdama naEva, avo vakanga vari vabereki vedu vokusungwa;

12 Uye “nezvinyorwa zvamaJuda kubva pakutanga, kusvikira pakutanga kwekutonga kwaZedekia, mambo wamaJuda;

13 Uyezve chiporofita chavaporofita vatsvene, kubva kwokutanga, kusvikira pakutanga kwekutonga “kwaZedekia; uye nezvimwe zviporofita zvakatarurwa nomuromo ^bwaJeremia.

14 Uye zvakaitika kuti baba vangu Rihai, vakaonawo “pamahwendefa endarira nhorooondo yekuzvarwa kwemadzibaba avo; naizvozvo vakaziva kuti ndevchizvarwa ^bchaJosefa; hongu, kana Josefa uyo akanga ari mwanakomana ^cwaJakobo, uyo ^dakatengeswa kuEgipita, uyo ^eakararamiswa noruoko rwaIshe, kuti araramise baba vake

Jakobo, neveimba yake yose kuti vasafa nenzara.

15 Uye “vakabviswa muuranda uye vakatungamirwa kubva munyika yeEgipita, naMwari vamwechetevo vakavararamisa.

16 Uye ndiko kuwana kwakaita baba vangu Rihai, nhorooondo yekubereka kwamadzibaba avo. Rabhaniwo akanga ari wechizvarwa “chaJosefa, saka iye namadzibaba ake vakachengeta zvinyorwa izvi.

17 Uye zvinu baba vangu vaona zvinhu zvose izvi, vakazadzwa noMweya, uye vakatangisa kuporofita pamusana pembeu yavo—

18 Kuti mahwendefa aya ose endarira aifanirwa kuenda kunyika dzose, marudzi ose, ndimi dzose, navanhu vakanga vari vembeu yavo.

19 Naizvozvo, akati mahwendefa endarira aya “haaifanira kuparara; uye kuti haafanire kudzima nekufamba kwenguva. Uye vakaporofita zvinhu zvakanwanda pamusana pembeu yavo.

20 Zve zvakaitika kuti kusvikira panguva iyi ini nababa wangu takange tachengetedza mirairo yaIshe yavakanga vatipa.

21 Uye takanga tatora zvinyorwa zvatakanga tatumwa

9^b nKM Kupakutendo.

10^a 1 Ni. 4:24, 38; 13:23.
nKM Mahwendefa eNdarira.

11^a 1 Ni. 19:23.

nKM Magwaro Mashanu emutemo.

12^a I Mak. 9:1.

nKM Magwaro matsvene.

13^a II Madz. 24:18;

Jer. 37:1.

^b Ezra 1:1;

Jer. 36:17-32;

1 Ni. 7:14; Hir. 8:20.

14^a 1 Ni. 3:3, 12.

nKM Mahwendefa eNdarira.

^b 2 Ni. 3:4; Aruma 10:3.

nKM Josefa, Mwanakomana waJakobo.

^c nKM Jakobo,

Mwanakomana waIsaka.

^d Gen. 37:29-36.

^e Gen. 45:4-5.

15^a Eks. 13:17-18;

Amosi 3:1-2;

1 Ni. 17:23-31;

D&Z 103:16-18; 136:22.

16^a 1 Ni. 6:2.

19^a Aruma 37:4-5.

naIshe, uye tikazvinzvera ndokuona kuti zvaifanira kuti tive nazvo, hongu, chokwadi “zvai-kosha zvikuru kwatiri, zvekuti taikwanisa^b kuchengetera vana vedu mirairo yalshe.

22 Naizvozvo, hwakanga huri ungaru munaIshe kuti tizvitakure, zvataifamba murenje murwendo rwokuenda kunyika yechipikirwa.

CHITSAUKO 6

Nifai anonyora pamusoro pezvinhu zvaMwari—Chinangwa chaNifai chiri chokunyengetedza vanhu kuti vauye kuna Mwari waAbrahama vaponeswe. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Nifai, handipe nhorondo yekuberekwa kwe-madzibaba angu muchikamu “chino chezvinyorwa zvangu; uye hapana imwe nguva yandichazorwupa^b pamahwendefa andiri kunyora aya; nokuti zviri pazvinyorwa zvakachengetwa^c nababa vangu; naizvozvo, handizvinyore mubasa rino.

2 Nokuti ini ndakagutsikana kutaura kuti tiri chizvarwa “chaJosefa.

3 Zve hazvindinetse kuti handisi kunyora nyaya yose yezvinhu zvakaba vangu, nokuti hazvinganyorwe “pamahwe-

ndefa aya, nokuti ndinoda nzvimbo yokunyorera zvinhu zvaMwari.

4 Nokuti chido changu chizere ndechokuti “ndinyengetedze vanhu^b vauye kuna Mwari wa-Abrahama, naMwari vaIsaka, naMwari vaJakobo, kuti vago-poneswa.

5 Naizvozvo, zvinhu “zvinofadza nyika handinyore, asi zvinhu zvinofadza Mwari neavo vasiri venyika.

6 Naizvozvo, ndichapa murairo mbeu yangu, kuti vasazozadza mahwendefa aya nezvinhu zvisingakodzeri kuvana vavanhu.

CHITSAUKO 7

Vanakomana vaRihai vanodzokera kuJerusarema uye vanokoka Ishmaeri nemba yake kuti ave navo parwendo rwavo—Ramani nava-mwe vanopanduka—Nifai anokurudzira vakoma vake kuti vave nokutenda munaIshe—Vanomusunga netambo uye vanoronga zvekumuuraya—Anosunungurwa nesimba rokutenda—Vakoma vake vanokumbira ruregerero—Rihai nechikwata chake vanoita mupiro nezvibairo zvekupisa. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ndinoda kuti imi muzive, kuti baba vangu Rihai,

21a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.
b 2 Ni. 25:26.
6 1a 2 Ni. 4:14–15.

b 1 Ni. 9:2.
c 1 Ni. 1:16–17; 19:1–6.
2a 1 Ni. 5:14–16.
3a Jak. 7:27; Jar. 1:2, 14; Omu. 1:30.
4a Joh. 20:30–31. Ona

peji yeMusoro wenywa weBhukuraMormoni.
b 2 Ni. 9:41, 45, 51.
5a I VaT. 2:4;
Mazwi 1:4.

pavakanga “vapedza kuporofita kwavo nembeu yavo, zvakaitika kuti Ishe vakataura kwavari zvakare, vachiti zvakange zvisingafanire kuti Rihai aende nemhuri yake murenje iriyega; asi kuti vanakomana vake vatore ^bvanasikana vave ‘vakadzi vavo, kuti vave vanobereka mbeu kuna Ishe munyika yechipikirwa.

2 Uye zvakaitika kuti Ishe “vakavaraira kuti ini Nifai, navakoma vangu, tinofanirwa kudzokera zvakare kunyika yeJerusarema, uye tinounza Ishmaeri nemhuri yake murenje.

3 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, navakoma vangu, takaenda “zvakare murenje kuti tiende kuJerusarema.

4 Zve zvakaitika kuti takaenda kumba kwaIshmaeri, tikawana nyasha pamberi paIshmaeri, zvekuti takamuudza mazwi aIshe.

5 Uye zvakaitika kuti Ishe vakanyevenutsa mwoyo waIshmaeri, uye nemhuri yake, zvekuti yakafamba rwendo nesu kuenda murenje kutende yababa vedu.

6 Uye zvakaitika kuti tiri murwendo murenje, tarisai Ramani naRemueri, navanasikana vaviri vaIshmaeri, “navanakomana vaviri vaIshmaeri nemhuri dzavo, vakatipandukira; hongu, vakapandukira ini Nifai, naSemu,

nababa vavo Ishmaeri, nomudzimai wake, navamwe vatatu vavanoasikana vavo.

7 Uye zvakaitika kuti mukupanduka uku, vaida kudzokera kunyika yeJerusarema.

8 Uye zvino ini, Nifai, “nokusuwiswa nenzira yekuoma kwe-mwoyo yavo, naizvozvo ndakataura kwavari, ndichiti hongu, kana kuna Ramani naRemueri: Tarisai muri vakoma vangu, ko sei muine mwoyo yakaoma kudai, nokupofomara mupfungwa, zvekuti munoda kuti ini munun’ina wenyu, nditokutaurirai, hongu, nokukuratidzai zvekuita?

9 Ko seiko musina kuteerera mazwi aIshe?

10 Ko seiko “makanganwa kuti makaona ngirozi yalshe?

11 Hongu, ko zvino seiko muri kukanganwa zvinhu zvikuru izvo Ishe vakatiitira, “mukutibvisa mumaoko aRabhani, uye zvakare nokuti titore zvinyorwa?

12 Hongu, ko sei muchikanganwa kuti Ishe vanokwanisakuita “zvinhu zvose mukuda kwake, kuvana vavanhu, kana vachishandisa ^brutendo kwaari? Nokudaro, ngativei tinokutenda kwavari.

13 Uye kana tikava tinokutenda mavari, tichazowana “nyika yechipikirwa; uye muchazoziva munguva ichatevera kuti mazwi

7 1a 1 Ni. 5:17-19.

b 1 Ni. 16:7.

c NKM Kuroora.

2a 1 Ni. 16:7-8.

3a 1 Ni. 3:2-3.

6a 2 Ni. 4:10.

8a Aruma 31:2;

Mos. 7:41.

10a Deut. 4:9;

1 Ni. 3:29; 4:3.

11a 1 Ni. 4.

12a 1 Ni. 17:50;

Aruma 26:12.

b 1 Ni. 3:7; 15:11.

13a 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

alShe achazadzikiswa pamusoro pokuparadzwa kweJerusarema; nokuti zvinhu zvose zvakataurwa naIshe pamusoro ^bpokuparadzwa kweJerusarema zvinototi zvizadzikiswe.

14 Nokuti tarisai, Mweya waIshe muchinguvana ucharegera kushanda navo; nokuti tarisai, ^avakaramba vaporofita, uye vakaisa ^bJeremia mutorongo. Uye vakaedza kuparadza ^cupenyu hwababa vangu, mukudaro vakatibvisa munyika iyi.

15 Zvino tarisai, ndinoti kwamuri mukadzokera Jerusarema nemiwo muchafa pamwechete navo. Uye zvino, kana zvirizvo zvasasarudza endai kunyikayo, muchirangarira mazwi ayo ndataura kwamuri, kuti mukaenda muchafa; nokuti Mweya waIshe unonditunha kuti nditaure saizvozvo.

16 Uye zvakaitika kuti apo ini Nifai, ndakanga ndataura mazwi aya kuvakoma vangu, vakandishatirirwa. Uye zvakaitika kuti vakandibata nemaoko, nokuti tarisai, vakanga vatsamwa zvikuru, ^avakandisunga netambo, nokuti vaida kutora upenyu hwangu, kuti vandisiye murenje kuti ndiparadzwe nemhuka dzerenje.

17 Asi zvakaitika kuti ndakanamata kuna Ishe ndichiti: Ishe, maererano nokutenda kwangu mamuri, mungandiburitsewo mumaoko avakoma vangu here;

hongu, uye mundipewo simba rokuti ^andidambure tambo dzandakasungwa nadzo.

18 Zvakaitika kuti ndataura mazwi aya, tarisai, tambo dzakasunungurwa kubva mumako nomumakumbo angu, uye ndikamira pamberi pavakoma vangu, ndikataura navo zvakare.

19 Uye zvakaitika kuti vakandishatirirwa zvakare, ndokutsvaga kundibata; asi tarisai, mumwe ^awavanasikana vaIshmaeri, hongu, naamai vake, nomwanakomana mumwe waIshmaeri, vakakumbira vakoma vangu, nokudaro vakanyorovesa mwoyo yavo; saka vakarega kuedza kuda kundiuraya.

20 Uye zvakaitika kuti vakasurwa, pamusoro pekuipa kwavo, zvekuti vakapfugama kwandiri, kuti ndivaregerere pane zvavakange vanditadzira.

21 Uye zvakaitika kuti ^andakavaregerera nemwoyo wangu wose pazvinhu zvose zvavakanga vaita, uye ndikavakurudzira kuti vanamate kuna Ishe Mwari vavo kuti varegererwe. Uye zvakaitika kuti vakaita saizvozvo. Uye shure kwokunge vanamata kuna Ishe takafamba zvakare norwendo rwedu takananga kutende yababa vedu.

22 Zve zvakaitika kuti takasvika paive netende yababa vedu. Uye shure kwokunge ini navakoma vangu nevemba yose yaIshmaeri tasvika kutende

13b II Madz. 25:1–21;
2 Ni. 6:8; 25:10;
Omu. 1:15;
Hir. 8:20–21.
14a Ezk. 5:6;

1 Ni. 1:18–20; 2:13.
NKM Hupanduki.
b Jer. 37:15–21.
c 1 Ni. 2:1.
16a 1 Ni. 18:11–15.

17a Aruma 14:26–28.
19a 1 Ni. 16:7.
21a NKM Regerera.

yababa vangu, vakapa “kutenda kuna Ishe Mwari vavo; vakapira ^bmupiro nezvibayiro zvekupisa kwavari.

CHITSAUKO 8

Rihai anoona chiratidzo chemuti weupenyu—Anodya muchero we-muti uyu obva ada kuti mhuri yake iudyewo—Anoona danda resimbi, kanzira kakamanikana uye kakamanika, nebute rerima rinofukidza vanhu—Saria, Nifai, naSemu vanodya muchero, asi Ramani naRemu-eri vanoramba. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti takanga tanguanidza mbeu dzakasiyana-siyana dzemarudzi ose, tsanga dzemarudzi ose, nemhodzi dzemichero yemarudzi ose.

2 Uye zvakaitika kuti Baba vangu vachigara murenje vakataura kwatiri vachiti: Tarisai, “ndarota hope; kana kuti nema-mwe mazwi, ndaona ^bchiratidzo.

3 Uye tarisai, nenzira yechinhu chandaona, ndine chikonzero chekufara munaishe pamusoro “paNifai nepamusoro paSemu-wo; nokuti ndine chikonzero chekufungidzira kuti ivo, nevazhinji vembeu yavo, vachaponeswa.

4 Asi tarisai, “Ramani naRemu-eri, ndinotyva zvikuru pamusana

penyu; nokuti tarisai, ndinorangarira kuti ndaona muhope dzangu, renje dema rinotyisa.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaona murume, uye akange akapfeka “hanzu chena; akauya akamira mberi kwangu.

6 Uye zvakaitika kuti akataura kwandiri, uye akati ndimutevere.

7 Uye zvakaitika kuti zvandaimutevera ndakazviona kuti ndakange ndiri munzvimbo ine rima mugwenga risina chinhu.

8 Uye mushure mekunge ndafamba kwenguva huru ndiri murima, ndakatangisa kunamata kuna Ishe kuti ave “netsitsi neni, maererano nekuwanda kwetsitsi dzake dzakapfava.

9 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ndanamata kuna Ishe ndakaona “zimunda guru rakapamhama.

10 Uye zvakaitika kuti ndakaona “muti, waive ^bnemichero yaifanira kufadza munhu.

11 Uye zvakaitika kuti ndakaenda ndikanodya “muchero iwoyo; uye ndikaona kuti waitapira chaizvo, kupfuura yose yandakambodya. Hongu, uye ndakaona kuti muchero uyu wakange uri muchena, kupfuura ^bkuchena kwose kwandakamboona.

12 Uye kudya kwandakange ndichiita muchero uyu wakazadza mweya wangu “norufaro rukuru rwusingataurike; nokudar, ndakatanga ^bkuda kuti

22a NKM Kupakutendo.
b 1 Ni. 5:9.

8 2a NKM Kurota;
Zvakazarurwa.
b 1 Ni. 10:17.
NKM Kuratidzwa
(Chiratidzo).

3a 1 Ni. 8:14–18.
4a 1 Ni. 8:35–36.
5a Nh—JS 1:30–32.
8a NKM Anetsitsi.
9a Mat. 13:38.
10a Gen. 2:9;
Zvaka. 2:7; 22:2;

1 Ni. 11:4, 8–25.
NKM Muti weUpenyu.
b Aruma 32:41–43.
11a Aruma 5:34.
b 1 Ni. 11:8.
12a NKM Rufaro.
b Aruma 36:24.

mhuri yangu iudyewo; nokuti ndaiziva kuti “wainaka kupfura mimwe michero yose.

13 Uye zvandakanga ndichitarisa kuti zvimwe ndingaone mhuri yanguwo, ndakaona “rwizi rwemvura; uye rwakange rwuchierera, uye rwaive pedyo nemuti wandaidya michero.

14 Uye ndakatarisa kuti ndione kwarwaibva; ndikaona parwaitangira chinhabwe chidiki-diki; uye parwaitangira ipapo ndakaona amai vako Saria, Semu, uye Nifai; vakanga vamire vachiita sevasingazive kwavari kuenda.

15 Uye zvakaitika kuti ndakavadaidza neruoko; uye ndikatiwo kwavari nezwi guru ngavauye kwandiri, uye vazodya muchero wainaka kupfura mimwe michero yose.

16 Uye zvakaitika kuti vakauya kwandiri uye vakadyawo muchero.

17 Uye zvakaitika kuti ndakada kuti Ramani naRemueri vauye vazodyawo muchero; nokudaro, ndakakanda maziso kumusoro kwerwizi, kuti zvimwe ndingavaone.

18 Uye zvakaitika kuti ndakavaona, asi “havana kuda kuuya kwandiri kuti vazodya muchero.

19 Uye ndakaona “danda resimbi, uye rakange rakareba richitevedza rwizi, uye richisvika pamuti pandakanga ndimire.

20 Uye ndakaonawo kanzira

“kakamanikana uye kakamanika, kaitevedza bango resimbi iri, kusvika pamuti pandakanga ndimire; uye kachibvawo kumusoro kwakatangira rwizi, kachienda “muzimunda guru rakafara, sekunge raive nyika.

21 Uye ndakaona vanhu vasingaverengeke, vazhinji vavo vaisaidzira mberi, kuti vasvike “mukanzira kaienda pamuti pandakanga ndimire.

22 Uye zvakaitika kuti vakauya, vakatangisa kufamba nekanzira kaienda pamuti.

23 Uye zvakaitika kuti kwakasimuka “mhute yerima; hongu, kunyangwe kana mhute yerima risingataurike, zvekuti avo vakange vatangisa kufamba mukanzira vakashaya nzira yavo, vakabuda munzira vakarasika.

24 Uye zvakaitika kuti ndakaona vamwe vachisaidzira kuenda mberi, uye vakauya mberi vakabaturira pakaperera danda resimbi; uye vakasaidzira mberi mukati mebuta rerima, vakabaturira padanda resimbi, kudakara vauya uye vadya “muchero wemuti yu.

25 Uye mushure mekunge vadya muchero wemuti vakatarisarisa sekunge vave “kunyara.

26 Uye neniwo ndakatarisarisa, uye ndikaona, mhiri kwerwizi rwemvura, zimba guru uye “rakapamhama; rimire sekunge rakange riri mudenga, pamusoro penyika.

12c 1 Ni. 15:36.

13a 1 Ni. 12:16–18;
15:26–29.

18a 2 Ni. 5:20–25.

19a Mpi. 2:9; Zvaka. 12:5;
Djs, Zvaka. 19:15;

1 Ni. 8:30; 11:25;
15:23–24.

20a Mat. 7:14;

2 Ni. 31:17–20.

b Mat. 13:38.

21a NKM Nzira.

23a 1 Ni. 12:17; 15:24.

24a 1 Ni. 8:10–12.

25a VaR. 1:16; II Tim. 1:8;
Aruma 46:21;

Morm. 8:38.

26a 1 Ni. 11:35–36; 12:18.

27 Uye rakanga rakadzwa nevanhu, vakuru nevadiki, varume nevakadzi; uye kupfeka kwavo kwakange kwakanaka zvakapfuuridza; uye vakanga vari “mutsika yekushora nekunongedzera kune avo vakanga vauya uye vachidya muchero.

28 Uye mushure mekunge “varaira muchero uyu ^bvakanyara, nekuda kweavo vainge vachivashora; uye ^cvakawira munzira dzinorambidzwa uye vakarasika.

29 Uye zvino ini Nifai, handitaure “ose mazwi ababa vangu.

30 Asi kuti ndisarebese mukunyora, tarisai, akaona dzimwe mhomho dzichisaidzira pamberi; uye dzikauya uye dzikabatirira padanda resimbi; uye dzikasa-idzira pamberi, dzakabatirira nesimba “danda resimbi, kudakara vauya uye ndokuwira pasi ndokurumbidza uye ndokudya muchero wemuti.

31 Uye akaonawo dzimwe “mhomho dzichitsvanzvadzira nzira yekuenda kuzimba guru uye rakapamhama riye.

32 Uye zvakaitika kuti vazhinji vakanyura muhwenje “hwedzi-va; uye vazhinji akasazovaona vave kungofamba-famba munzira dzavasingazive.

33 Uye hakuzi kuwanda kwe-mhomho yakapinda muzimba rinoshamisa riya. Uye mushure mekunge vapinda muzimba

riya vakanongedzera “vachinyomba ini neavo vakanga vachidyawo muchero; asi hatina kuvateerera.

34 Aya mazwi ababa vangu: Nokuti avo vazhinji “vakavateerera, vakapunzika.

35 Uye “Ramani naRemueri havana kudya muchero, vakadarobaba vangu.

36 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge baba vangu vataura ose mazwi ehope dzavo kana chiratidzo, ayo akange akawanda, vakati kwatiri, nenzira yezvinhu izvi zvavakaona muchiratidzo, vaityira zvikurusa Ramani naRemueri; hongu, vaitya kuti vangangoraswa vakabviswa pamberi paIshe.

37 Uye vakavakurudzira nepavaigona napo “semubereki akapfava, kuti vateerere mazwi avo, kuti zvimwe Ishe vanga-vaitire tsitsi, uye vagorega kuvarasa; hongu, baba vangu vakavaparidzira.

38 Uye mushure mekunge vavaparidzira, nekuvaporofita zvinhu zvizhinji, vakavaudza kuti vateerere mirairo yaIshe; uye vakabva vamira kutaura navo.

CHITSAUKO 9

Nifai anogadzira zvinyorwa zviri paviri—Zvose zvinodaidzwa kunzi mahwendefa aNifai—Mahwendefa makuru anotaura nezvenhoroondo

27a NKM Kudada.

28a II Pet. 2:19–22.

b Marko 4:14–20; 8:38;

Ruka 8:11–15;

Joh. 12:42–43.

c NKM Kurasika

Pachitendero.

29a 1 Ni. 1:16–17.

30a 1 Ni. 15:23–24.

31a Mat. 7:13.

32a 1 Ni. 15:26–29.

33a NKM Kupfuisa.

34a Eks. 23:2.

35a 1 Ni. 8:17–18;

2 Ni. 5:19–24.

37a NKM Mhuri; Vabereki.

yevanhu; madiki anotaura nezve-zvinhu zvinoera. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvose zvinhu izvi baba vangu vakazviona, uye vaka-zvinzwa, uye vakazvitaure, zva-vaigara mutende, “munhika ra-Remueri, nezvimwewo zvinhu zvakawanda, zvisingagone kunyorwa pamahwendefa ano.

2 Uye zvino, sekutaura kwanda ita pamusoro pemahwendefa aya, tarisai haaziwo mahwendefa andichanyora rungano ruzere rwevanhu vekwangu; nokuti “mahwendefa andinonyora rungano ruzere rwevanhu vekwangu ndaapa zita rekuti Nifai; nokudaro, anodaidzwa kunzi mahwendefa aNifai, sezita rangungu; uye mahwendefa ayawo anodaidzwa kunzi mahwendefa aNifai.

3 Zvisinei, ndakagashira murairo waIshe kuti ndiite mahwendefa aya, “nechikonzero chekuti kwakafanira kuve nezvakanyorwa pamusoro ^bpeufundisi hwevanhu vekwangu.

4 Pane mamwe mahwendefa pakafanira kunyorwa zvekutonga kwemadzimambo, nehondo nenhoro dzevanhu vekwangu; nokudaro mahwendefa aya anotaura zvizhinji nezvehufundisi; uye “mamwe mahwendefa anotaura zvizhinji nezvekutonga

kwemadzimambo nezvehondo nekusawirana kwevanhu vekwangu.

5 Nokudaro, Ishe vanditi ndiite mahwendefa aya nechikonzero “chakangwara chiri mavari, chikonzero chacho chandisingazive ini.

6 Asi Ishe “vanoziva zvinhu zvose kubvira pakutanga; nokudaro, vanogadzira nzira yokupedza nayo mabasa avo ose pakati pevana vevanhu; nokuti tarisai, vane ^bsimba rose mukuzadzikisa mazwi avo ose. Uye ndizvo zvazviri. Amen.

CHITSAUKO 10

Rihai anofembera kuti maJuda achatorwa muusungwa nemaBabironi—Anotaura nezvekuuya kwaMesia, Muponesi, Mununuri pakati pemaJuda—Rihai anotaurawo nezvekuuya kwemumwe achabhabhatidza Gwayana raMwari—Rihai anotaura nezvekufa nekumuka kwaMesia—Anofanidza kupararira nekuungana kwaIsraeri pamuti wemuoriŵhi—Nifai anotaura nezveMwanakomana waMwari, nezvechipo cheMweya Mutsvene, nezvekudikana kwa kwetsika dzakatwasanuka. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Nifai, ndoenda mberi kukupai nezvemafambi-

9 1a 1 Ni. 2:4–6, 8, 14–15; 16:6.

2a 1 Ni. 19:2, 4; Jak. 3:13–14; Mazwi 1:2–11; D&Z 10:38–40.

NKM Mahwendefa.

3a D&Z 3:19.

b 1 Ni. 6:3.

4a Jak. 1:2–4;

Mazwi 1:10.

5a 1 Ni. 19:3;

Mazwi 1:7;

Aruma 37:2, 12, 14.

6a 2 Ni. 9:20; D&Z 38:2;

Mos. 1:6, 35.

NKM Saruzivo.

b Mat. 28:18.

ro angu pamahwendefa “aya, nekutonga kwangu nehufundisi hwangu; nokudaro; kuti ndifambire mberi nenyaya yangu, ndakafanira kutaura nezvezvinhu zvakababa vangu, nezvevakoma vanguwo.

2 Nokuti tarisai, zvakaitika kuti mushure mekunge baba vangu vapedza kutaura mazwi “ehope dzavo, nokuvakuridzirawo kushanda nesimba rose, vakataura navo pamusoro pemaJuda—

3 Kuti mushure mekunge vaparadzwa, kana guta guru riya “reJerusarema, uye vazhinji ^bvachatakurwa dzave nhapwa ^ckuBabironi, maererano nenguva yasvika yaIshe, ^dvachadzoka zvakare, hongu, kana kutodziswa vachiburitswa muutapwa; uye mushure mekunge vadzorwa vachiburitswa muutapwa vachatora zvakare nyika yenhaka yavo.

4 Hongu, kunyangwe mazana “matanhatu emakore kubvira panguva yakabva baba vangu kuJerusarema, ^bmuporofita achamutswa naIshe Mwari pakati pemaJuda—kana ^cMesia, kana nemamwe mazwi, Muponesi wenyika.

5 Uye akataurawo maererano nevaporofofiti, kuti uzhinji hwa-

vo “hwakapupura sei pazvinhu izvi, maererano naMesia uyu, wavakange vataura nezvake, kana uyu Mununuri wenyika.

6 Nokudaro, marudzi ose evanhu akange ari mukurasika “nekupunzika, uye aizogara akadaro narinhi kunze kwekunge vavimba neMununuri uyu.

7 Uye akataurawo maererano “nemuporofofiti aizouya Mesia asati auya, kuti azogadzira nzira yaIshe—

8 Hongu, kana iye achaenda achinochemba ari murenje: “Gadzirai nzira yaIshe, muite kuti nzira dzake dzitwasanuke; nokuti pakati penyuru pamire mumwe wamusingazive; uye mukuru kwandiri, tambo dzeshangu dzake dzandisingakodzere kusunungura. Uye baba vangu vakataura zvizhinji maererano nechinhu ichi.

9 Uye baba vangu vakati achabhabhatidza “muBetebara, mhiri kweJordan; uye vakatiwo achabhabhatidza nemvura; uye nokuti ^bachabhabhatidza Mesia nemvura.

10 Uye mushure mekunge abhabhatidza Mesia nemvura, anofanira kutarisa uye agoona kuti abhabhatidza “Gwayana raMwari, richabvisa zvitadzo zvenyika.

10 1a 1 Ni. 9:1–5; 19:1–6;
Jak. 1:1–4.

2a 1 Ni. 8.

3a Est. 2:6; 2 Ni. 6:8;
Hir. 8:20–21.

b 2 Ni. 25:10.

NKM Kuronga
nenguva—587 B.C.

c Ezk. 24:2; 1 Ni. 1:13;
Omu. 1:15.

d Jer. 29:10;

2 Ni. 6:8–9.

4a 1 Ni. 19:8;

2 Ni. 25:19; 3 Ni. 1:1.

b 1 Ni. 22:20–21.

c NKM Mesia.

5a Jak. 7:11;

Mosaya 13:33;

Hir. 8:19–24;

3 Ni. 20:23–24.

6a NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.

7a 1 Ni. 11:27;

2 Ni. 31:4.

8a Isa. 40:3; Mat. 3:1–3.

9a Joh. 1:28.

b NKM Johane
Mubapatidzi.

10a NKM Gwayana
raMwari.

11 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge baba vangu vataura mazwi aya vakataura kuvakoma vangu maererano nevhangeri rakafanira kuparidzwa pakati pemaJuda, nemaereranowo ^aekuderera kwe-maJuda ^bmukusatenda. Uye mushure mekunge ^cvauraya Mesia, uyo achauya, uye mushure mekunge auraiwa ^dachamuka mukufa, uye agozviritidza, ^eneMweya Mutsvene, kumaJentairi.

12 Hongu, kunyangwe baba vangu vakataura zvikuru maererano nemaJentairi, uye maereranowo nezvemba yaIsraeri, kuti vafananidzwe nemuti ^awemuorivi, uyo une mapazi achatyorwa ^bagoparadzirwa nenyika yose.

13 Nokudaro, akati zvakafanira kuti titungamirirwe ^akunyika yechipikirwa tiine chibvumirano chimwechete, mukuzadzikisa shoko raIshe, rokuti tipararire pasi pose.

14 Uye mushure mekunge imba yaIsraeri yapararira ^avachaunganidzwa pamwechete zvakare; kana kuti, muchidimbu, mushure mekunge ^bmaJentairi atambira kuzara kweVhangeri, mapazi emuti ^cwemuorivi, kana

kuti vakasara vemba yaIsraeri, vanobatanidzwa, kana kuti vanozove neruzivo rwaMesia wechokwadi, Ishe vavo neMununuri wavo.

15 Uye netsika yemutauro uyu baba vangu vakaporofita uye vakataura kuhama dzangu, nezvimwewo zvinhu zvakawanda zvandisinganyore mubhuku rino; nokuti ndakanyora zvizhinji zvacho zvandaiona zvakakodzera mune ^arimwe bhuku rangu.

16 Uye zvose zvinhu izvi, izvo zvandataura nezvazvo, zvaka-itwa apo baba vangu vakange vachigara mutende, munhika raRemueri.

17 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ini Nifai, ndanzwa ose ^amazwi ababa vangu, maererano nezvinhu zvavakawanda ^bmuchiratidzo, nezvinhuwo zvavaitaura nesimba reMweya Mutsvene, riri simba ravakatambira pamusoro perutendo muMwanakomana waMwari— uye Mwanakomana waMwari ndiye aive ^cMesia aizouya— ini Nifai, ndaidawo kuti dai ndaona, uye ndanzwa, nokuziva zvinhu izvi, nesimba reMweya Mutsvene, chinova ^dchipo chaMwari kune avo vose

11a Jak. 4:14-18.

b Morm. 5:14.

c NKM Jesu Kristu; Kuroverwa.

d NKM Kumuka Kuvakafa.

e NKM Mweya Mutsvene.

12a Gen. 49:22-26;

1 Ni. 15:12;

2 Ni. 3:4-5;

Jak. 5; 6:1-7.

NKM Muti weMuorivhi; Munda wemizambiringa waIshe.

b 1 Ni. 22:3-8.

NKM Israeri— Kupararira kwa Israeri.

13a 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika yeChipikirwa.

14a NKM Israeri—

Kuunganidzwa kwa Israeri.

b 1 Ni. 13:42;

D&Z 14:10.

c Jak. 5:8, 52, 54, 60, 68.

15a 1 Ni. 1:16-17.

17a Eno. 1:3;

Aruma 36:17.

b 1 Ni. 8:2.

c NKM Mesia.

d NKM Mweya Mutsvene.

vanomutsvaka ‘nesimba, munguva ^fdzekare nemunguva dzaachazviratidza pachake kuvana vevanhu.

18 Nokuti ndiye “mumwecheteyo wanezuro, nhasi, nokusingaperi; uye nzira yakagadzirirwa vose vanhu kubvira pakutanga kwenyika, kana vakave vanotendeuka vakauya kwaari.

19 Nokuti uyo anotsvaka nesimba achawana; uye “zvakananzika zvaMwari vachazvipfudzunurirwa, nesimba ^breMweya Mutsvene, munguva dzino sezvemunguva dzakare, uye semunguva dzakare nemunguva dzichauya; nokudaro, ‘nzira yaIshe inogara yakadaro nokusingaperi.

20 Saka rangarira iwe munhu, pazviito zvako zvose uchauanzwa “mukutongwa.

21 Nokudaro, kana waitsvaka kuita zvakaipa mumazuva ako “ekuedzwa, zvino unowanikwa ^busina kuchena pamberi pechigaro chekutonga chaMwari; uye hakuna chinhu chisina kuchena chingagare naMwari; nokudaro, unofanirwa kuti uraswe zvachose.

22 Uye Mweya Mutsvene uri kundipa simba rekuti nditaure

zvinhu izvi, uye ndisazviregere kwete.

CHITSAUKO 11

Nifai anoona Mweya waIshe uye anoratidzwa muchiratidzo muti weupenyu — Anoona amai veMwanakomana waMwari uye anodzidza nekuzvidzikisira kwaMwari — Anoona rubhabhatidzo, ushumiri, nekuroverwa kweGwayana raMwari — Anoonawo kudaidzwa neushumiri hweVaapositori veGwayana vaneGumi neVaviri. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

NOKUTI zvakaikwa kuti mushure mekunge ndada kuziva zvinhu zvakanga zvaonekwa nababa vangu, nokutenda kuti Ishe vaikwanisa kuita kuti ndizvize, zvandakanga ndigere “ndichifungisisa mumwoyo mangwa ^bndakatorwa neMweya waIshe, hongu, ndikaenda “mugomo rakareba zvakananyanya, randakanga ndisina kumbenge ndakaona, uye randakanga ndisina kumbenge ndakatsika netsoka dzangu.

2 Uye Mweya ukati kwandiri: Tarisai, unodei?

3 Uye ndikati: Ndinoda kuona

17e Moro. 10:4–5, 7, 19.

f D&Z 20:26.

18a VaH. 13:8;

Morm. 9:9;

D&Z 20:12.

NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

19a NKM Zvakavandika

zvaMwari.

b NKM Mweya

Mutsvene.

c Aruma 7:20;

D&Z 3:2; 35:1.

20a Mpa. 12:14;

2 Ni. 9:46.

NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

21a Aruma 34:32–35.

b I VaKori. 6:9–10;

3 Ni. 27:19;

D&Z 76:50–62;

Mos. 6:57.

11 1a D&Z 76:19.

NKM Fungisisa.

b II VaKori. 12:1–4;

Zvaka. 21:10;

2 Ni. 4:25;

Mos. 1:1.

c Deut. 10:1;

Eta 3:1.

zvinhu “zvakaonekwa nababa vangu.

4 Uye Mweya ukati kwandiri: Unotenda here kuti baba vako vakaona “muti wavakataura nezvawo?

5 Uye ndikati: Hongu, munozi-va kuti “ndinotenda ose mazwi ababa vangu.

6 Uye ndataura mazwi aya, Mweya wakachema nezwi guru, uchiti: Hosana kuna Ishe, vakuru-kuru Mwari; nokuti ndi-Mwari “vepasi pose, hongu, kana pamusoro pezvose. Uye iwe wakakomborerwa Nifai, nokuti ^bunotenda muMwanakomana waMwari mukuru; nokudaro, uchaona zvinhu zvawada kuona.

7 Uye tarisai chinhu ichi chichapiwa kwauri “sechiratidzo, kuti mumashure mekunge wawona muti wakabereka muchero wakadyiwa nababa vako, uchaonawo murume achiburuka kubva kudenga, uye iyeyo uchamupupurira; uye mushure mekunge wamuona ^buchataura kuti Mwanakomana waMwari.

8 Uye zvakaitika kuti Mweya wakati kwandiri: Tarisa! Uye ndakatarisa ndikaona muti; uye wakange wakaita “semuti wakanga waonekwa nababa vangu; uye kunaka kwawo kwakange kwakapfuuridza, hongu, kudarika runako rwose;

uye ^bkuchena kwawo nokudaro kwakange kwakapfuura kuchena kwechando chamatsutso.

9 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ndaona muti uya, ndakati kuMweya: Ndinoona kuti waratidza kwandiri muti “unokosha kupfuura mimwe yose.

10 Uye akati kwandiri: Unodei?

11 Uye ndikati kwauri: Kuziva “zvazvinoreva — nokuti ndaitaura naye sekutaura kunoita munhu; nokuti ndakaona kuti akange ane ^bchimiro chemunhu; asi kana zvainge zvakadaro, ndaiziva kuti waive Mweya waIshe; uye akataura neni sezvinoita munhu kana achitaura kune mumwe.

12 Uye zvakaitika kuti akati kwandiri: Tarisa! Uye ndikatarisa sekunge ndiri kutarisa kwauri, uye handina kumuona; nokuti akange abva pandiri.

13 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa ndikaona guta guru reJerusarema, nemamwewo maguta. Uye ndakaona guta reNazareta; uye muguta “reNazareta ndakaona ^bmhandara, uye yakanga yakanaka iri chena zvisingataurike.

14 Uye zvakaitika kuti ndakaona “matenga achizuruka; uye ngirozi ikadzika uye ikamira pamberi pangu; ikati kwandiri: Nifai, uri kuonei?

15 Uye ndikati kwairi: Mha-

3a 1 Ni. 8:2–34.

4a 1 Ni. 8:10–12;
15:21–22.

5a 1 Ni. 2:16.

6a Eks. 9:29; 2 Ni. 29:7;

3 Ni. 11:14;

Mos. 6:44.

^b NKM Daira.

7a NKM Chiratidzo.

^b NKM Uchapupu.

8a 1 Ni. 8:10.

^b 1 Ni. 8:11.

9a 1 Ni. 11:22–25.

11a Gen. 40:8.

^b Eta 3:15–16.

13a Mat. 2:23.

^b Ruka 1:26–27;

Aruma 7:10.

NKM Maria, Amai

vaJesu.

14a Ezk. 1:1; 1 Ni. 1:8.

ndara, yakanakiswa kupfuura dzimwe mhandara dzose.

16 Uye ikati kwandiri: Unoziva here kuzvideredza kwaMwari?

17 Uye ndikati kwairi: Ndinoziva kuti vanoda vana vavo; asi zvisinei, handizive zvinoreva zvinhu zvose.

18 Uye ikati kwandiri: Tarisai, ^amhandara yauri kuona ndiyo ^bamai veMwanakomana waMwari, mutsika yezvenyama.

19 Uye zvakaitika kuti ndakaona achitakurwa muMweya; uye mushure mekunge atakurwa ^amuMweya kwechinguva chakati ngirozi yakataura kwandiri, ichiti: Tarisa!

20 Uye ndakatarisa uye ndikaona mhandara iya zvakare, yakatakura ^amwana mumakoko ayo.

21 Uye ngirozi ikati kwandiri: Ona ^aGwayana raMwari, hongu, ^bMwanakomana ^cwaBaba Vokusingaperi! Unoziva here zvinoreva ^dmuti wakaonekwa nababa vako?

22 Uye ndakaipindura ndichiti: Hongu, ^arudo rwaMwari, rwunopararira rwega mumwoyo yevana vevanhu; nokudaro, ndirwo rwunodiwa kupfuura zvinhu zvose.

23 Uye yakataura kwandiri

ichiti: Hongu, uye ndirwo rwunonyanya ^akufadza kumweya.

24 Uye mushure mekunge yataura mazwi aya, yakati kwandiri: Tarisa! Uye ndakatarisa, uye ndikaona Mwanakomana waMwari ^aachienda mukati mevana vevanhu; uye ndikaona vazhinji vachiwira pasi patsoka dzake uye vachimunamata.

25 Uye zvakaitika kuti ndakaona kuti ^adanda resimbi, riya rakaonekwa nababa vangu, raiwe izwi raMwari, raienda kuchisipiti chemvura ^byeupenyu, kana ^ckumuti weupenyu; mvura iyi iri chiratidzo cherudo rwaMwari; uye ndakaonawo kuti muti weupenyu waive chiratidzo cherudo rwaMwari.

26 Uye ngirozi yakati kwandiri zvakare: Tarisai uone ^akuzvideredza kwaMwari!

27 Uye ndakatarisa uye ^andikaona Mununuri wenyika, uyo akanga ataurwa nababa vangu; uye ndikaonawo ^bmuporofita aizogadzira nzira yake asati auya. Uye Gwayana raMwari rakaenda uye ^crikabhabhatidzwa naye; uye mushure mekunge abhabhatidzwa, ndakaona matenga achizaruka, uye Mweya Mutsvene uchiyaya uchibva

18a Isa. 7:14;
Ruka 1:34–35.

^b Mosaya 3:8.

19a Mat. 1:20.

20a Ruka 2:16.

21a NKM Gwayana
raMwari.

^b NKM Jesu Kristu.

^c NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—

Mwari Baba.

^d 1 Ni. 8:10;

Aruma 5:62.

NKM Muti weUpenyu.

22a NKM Rudo.

23a NKM Rufaro.

24a Ruka 4:14–21.

25a 1 Ni. 8:19.

^b NKM Mvura
yeUpenyu.

^c Gen. 2:9;

Aruma 32:40–41;

Mos. 4:28, 31.

26a 1 Ni. 11:16–33.

27a 2 Ni. 25:13.

^b Mat. 11:10;

1 Ni. 10:7–10;

2 Ni. 31:4.

^c NKM Bhabhatidza.

kudenga uye uchigara paari uine chimiro “chenjiva.

28 Uye ndakaona kuti akaenda akanoparidzira vanhu, “musimba nemukurumbira mukuru; uye mhomho dzevanhu dzakaungana pamwechete kuti vanunzwe; uye ndikaona kuti vakamutanda pakati pavo.

29 Uye ndakaonawo vamwe “gumi nevaviri vachimutevera. Uye zvakaitika kuti vakatakurwa muMweya pameso pangu, uye handina kuzovaona.

30 Uye zvakaitika kuti ngirozi yakataura kwandiri zvakare ichiti: Tarisa! Uye ndakatarisa, uye ndikaona matenga achizuruka zvakare, uye ndikaona “ngirozi dzichidzika pavana vevanhu; uye dzikashumira kwavari.

31 Uye yakataura kwandiri zvakare ichiti: Tarisa! Uye ndakatarisa, uye ndikaona Gwayana raMwari richienda pakati pevana vevanhu. Uye ndikaona mhomho yevanhu vakanga vachirwara, nevakange vaine zvirwere zvakasiyana-siyana, “nemadhimoni nemweya ^bisina kuchena; uye ngirozi yakataura ikaratidza zvose zvinhu izvi kwandiri. Uye ^cvakarapwa nesimba reGwayana raMwari; uye madhimoni nemweya yetsvina yakabviswa.

32 Uye zvakaitika kuti ngirozi

yakataura kwandiri zvakare ichiti: Tarisa! Uye ndakatarisa ndikaona Gwayana raMwari, kuti rakatorwa nevanhu; hongu, Mwanakomana waMwari asingaperi “akatongwa nevenyika; uye ndakazviona uye ndineumboo.

33 Uye ini Nifai, ndakaona kuti akaturikwa “pamuchinjikwa ^bakaurairwa zvitadzo zvenyika.

34 Uye mushure mekunge auraiwa ndakaona mhomho dzepasi, kuti dzakaungana pamwechete kurwisa vaapositori veGwayana; nokuti vanegumi nevaviri ndiko kudaidzwa kwavaitwa nengirozi yalshe.

35 Uye mhomho dzepasi dzakange dzakaungana pamwechete; uye ndikaona kuti dzakange dziri “muzimba guru uye dhandanda, rakafanana nezimba rakaonekwa nababa vangu. Uye ngirozi yalshe yakataura zvakare kwandiri ichiti: Ona nyika neungwaru hurimo; hongu, tarisai imba yalsraeri yaungana pamwechete kuti irwise vaapositori veGwayana vanegumi nevaviri.

36 Uye zvakaitika kuti ndakaona ndikaziva kuti, zimba guru uye dhandanda kwaive ^akuzvikudza kwenyika; uye yakapuznika, uye kupuznika kwacho kwakange kuri kukuru zvisingataurike. Uye ngirozi yalshe

27d NKM Njiva,

Chiratidzo che.

28a D&Z 138:25–26.

29a NKM Muapositori.

30a NKM Ngirozi.

31a Marko 5:15–20;

Mosaya 3:5–7.

NKM Dhiabhorosi.

^b NKM Mweya—

Mweya yakaipa.

^c NKM Kurapa.

32a Marko 15:17–20.

33a Joh. 19:16–19;

Mosaya 3:9–10;

3 Ni. 27:14.

NKM Muchinjikwa.

^b NKM Dzikinura.

35a 1 Ni. 8:26; 12:18.

36a NKM Kudada.

yakataura kwandiri zvakare ichiti: Ndookuparadzwa kucha-itwa nyika dzose, marudzi, ndimi, navanhu, avo vacharwisa vaapositori veGwayana vane-gumi nevaviri.

CHITSAUKO 12

Nifai anoona muchiratidzo nyika yechipikirwa; kururama, huipi, nekupunzika kwevagari vayo; kuya kweGwayana raMwari pakati pavo; kuti Vadzidzi vaneGumi neVaviri neVaapositori vaneGumi neVaviri vachatonga sei Israeri; nekusemesa neutsvina hweavo vanoderera mukusatenda. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ngirozi yakati kwandiri: Tarisai uye uone mbeu yako, nembeuwo yehama dzako. Uye ndakatarisa ndikaona “nyika yechipikirwa; uye ndikaona mhomho dzevanhu, hongu, kana sekuwanda mukuverenga kwakaita kuwanda kwejecha regungwa.

2 Uye zvakaitika kuti ndakaona mhomho dzakaungana pamwechete mukurwa, dzichirwisana; uye ndikaona “hondo, nerunyerekupe rwehondo, nekuurayana nemunondo pakati pevanhu vekwangu.

3 Uye zvakaitika kuti ndakaona zvizvarwa zvizhinji zvizhifa, mushure metsika yehondo negakava munyika; uye

ndikaona maguta mazhinji, hongu, kana kuverenga handina kuaverenga.

4 Uye zvakaitika kuti ndakaona “mhute ^byerima pauso hwenyika yechipikirwa; uye ndikaona mheni, uye ndikanzwa kutinhira, nekundengendeka kwenyika, nemhere-mhere yose yekunetsekana; uye ndikaona ivhu nemabwe, kuti zvaitsemuka; uye ndikaona makomo achikoromoka; uye ndikaona mapani enyika, kuti akasakadzwa; uye ndikaona maguta mazhinji kuti ^aakanyudzwa; uye ndikaona mazhinji kuti akapiswa nemoto; uye ndikaona mazhinji aikoromokera pasi, nenzira yekundengendeka kwaivepo.

5 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ndaona zvinhu izvi, ndakaona “kunyangerika kwerima, kuti rakabva pauso hwenyika; uye tarisai, ndakaona mhomo dzisina kunge dzapunzika nenzira yekutonga kunotyisa kwaIshe.

6 Uye ndakaona matenga achizuruka, uye “Gwayana raMwari richiburuka kubva kudenga; uye rikauya pasi rikazviratidza kwavari.

7 Uye ndakaonawo uye ndikaziva kuti Mweya Mutsvene wakawira pane vamwe “gumi nevaviri; uye vakagadzwa naMwari, uye vakasarudzwa.

8 Uye ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Ona vanegumi nevaviri vadzidzi veGwayana,

12 1a NKM Nyika
yeChipikirwa.
2a Eno. 1:24;
Morm. 8:7-8.

NKM Hondo.
4a Hir. 14:20-28.
b 1 Ni. 19:10.
c 3 Ni. 8:14.

5a 3 Ni. 8:20; 10:9.
6a 2 Ni. 26:1, 9;
3 Ni. 11:3-17.
7a 3 Ni. 12:1; 19:12-13.

vakasarudzwa kuti vaparidze kumbeu yako.

9 Uye ikati kwandiri: Unorangerira here vaapositori veGwayana “vanegumi nevaviri? Tarisai ndivo vachatonga marudzi gumi nemaviri aIsraeri; nokudaro, vashumiri gumi nevaviri vembeu yako ^bvachatongwa navo; nokuti muri vemba yaIsraeri.

10 Uye ava vashumiri “gumi nevaviri vauri kuona vachatonga mbeu yako. Uye, tarisai, vakatwasanuka narinhi; nokuti nenzira yerutendo rwavo muGwayana raMwari ^bnguo dzavo dzaitwa chena muropa rake.

11 Uye ngirozi yakati kwandiri: Tarisai! Uye ndikatarisa, uye ndikaona zvizvarwa “zvitatuzvichipfuura zviru mukururama; uye nguo dzavo dzakange dzakachena sedzeGwayana raMwari. Uye ngirozi ikati kwandiri: Ava vakaitwa vachena muropa reGwayana, nenzira yerutendo rwavo maari.

12 Uye ini Nifai, ndakaonawo vazhinji vechizvarwa “chechinavakapfuura vari mukururama.

13 Uye zvakaitika kuti ndakaona mhomho dzepasi dzakauungana pamwechete.

14 Uye ngirozi ikati kwandiri: Ona mbeu yako, nembeuwo yehama dzako.

15 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa ndikaona vanhu vembeu yangu vakaungana pamwechete vari mhomho “vachirwisana nembeu yehama dzangu; uye vakanga vaungana pamwechete kuti varwe.

16 Uye ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisai chisipiti chemvura ine “tsvina chakaonekwa nababa vako; hongu, kana ^brwizi rwavakataura; uye kudzika kwarwo ndiko kudzika “kwegehena.

17 Uye “mhute yerima ndiyomiedzo yadhiabhorosi, ^binopofomadza maziso, ichiomesa mwoyo yevana vevanhu, ichivatungamira munzira ‘dzakapamhama, zvekuti vanofa vachirasika.

18 Uye “zimba guru uye dhandanda, iro rakaonekwa nababa vako, ^bkufungidzira zvinhu zvisipo ‘nekuzvikudza kwevana vevanhu. Uye ^dzigomba guru rinotyisa rakavaganhura; hongu, kana izwi rokutonga ‘kwakarurama kwaMwari Vokusingaperi, naMesia anova ndiye Gwayana raMwari, uyo anopupurirwa neMweya Mutsvene, kubvira pakutanga kwenyika kusvika panguva ino, uye kubvira zvino nekusingaperi.

19 Uye zvakanga ngirozi

9a Ruka 6:13.
b Mat. 19:28; D&Z 29:12.
nkm Kutonga,
Kwekapedzisira.

10a 3 Ni. 27:27;
Morm. 3:18-19.
b Zvaka. 7:14; Aruma
5:21-27; 13:11-13;
3 Ni. 27:19-20.

11a 2 Ni. 26:9-10;

3 Ni. 27:30-32.
12a Aruma 45:10-12;
Hir. 13:5, 9-10;
3 Ni. 27:32;
4 Ni. 1:14-27.

15a Morm. 6.
16a nkm Hutsvina.
b 1 Ni. 8:13; 15:26-29.
c nkm Gehena.

17a 1 Ni. 8:23; 15:24;

D&Z 10:20-32.
b nkm Kurasika
Pachitendero.
c Mat. 7:13-14.
18a 1 Ni. 8:26; 11:35-36.
b Jer. 7:24.
c nkm Kudada.
d Ruka 16:26;
1 Ni. 15:28-30.
e nkm Yenzaniso.

ichitaura mazwi aya, ndakatarisa ndikaona kuti mbeu yehama dzangu yakange ichi-rwisana nembeu yangu, mae-rerano nemazwi engirozi; nenzira yekuzvikudza kwembeu yangu, “nemiyedzo yadhia-bhorosi, ndakaona kuti mbeu yehama dzangu yakange ^bichikurira vanhu vembeu yangu.

20 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa, uye ndikaona vanhu vembeu yehama dzangu kuti vakange vakunda mbeu yangu; uye vakaenda vari mhomho mukati menyika.

21 Uye ndakavaona vakaungana pamwechete vari mhomho; uye ndikaona “hondo nerunye-rekupe rwehondo pakati pavo; uye muhondo nerunyerekupe rwehondo ndakaona zvizvarwa zvizhinji zvichipfuura.

22 Uye ngirozi yakati kwandiri: Tarisai ivava “vachaderera mukusatenda.

23 Uye zvakaitika kuti ndakaona, kuti mushure mekunge vaderera mukusatenda ^avakasviba, ^bvanosemesa, vakave vanhu vane tsvina, vazere ^cnenungo netsika dzose dzezvinhu zvakaipa.

CHITSAUKO 13

Nifai anoona muchiratidzo chechi yadhiabhorosi yamiswa pakati

pamaJentairi, kuwanika nekupambwa kweAmerica, kurasika kwemamwe matsamba anokosha emuBhaibheri, nekuzorasika kwe-maJentairi, kudzororwa kwevhangeri, kuuya kwemagwaro matsvene emazuva ekupedzisira, nekuvakwa kweZioni. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisa! Uye ndikatarisa ndikaona marudzi mazhinji neumambo huzhinji.

2 Uye ngirozi ikati kwandiri: Urikuonei? Uye ndikati: Ndiri kuona marudzi mazhinji neumambo huzhinji.

3 Ikati kwandiri: Aya ndiwo marudzi neumambo hwemaJentairi.

4 Uye zvakaitika kuti ndakaona pakati pamarudzi ^aemaJentairi kutangiswa kwechechi ^bhuru.

5 Uye ngirozi ikati kwandiri: Tarisai kutangiswa kwechechi inonyangadza kupfuura dzimwe chechi dzose, ^ainouraya vatendi vaMwari, hongu, uye ichivarwadzisa nekuvasunga, nekuvasunga ^bnejoko resimbi, ichivaisa muhutapwa.

6 Uye zvakaitika kuti ndakaona chechi iyi ^ahuru inonyagadza; uye ndikaona ^bdhiabhorosi kuti ndiye akanga aitanga.

19a NKM Chiedzo.

b Jar. 1:10;

Mazwi 1:1–2.

21a Morm. 8:8;

Moro. 1:2.

NKM Hondo.

22a 1 Ni. 15:13;

2 Ni. 26:15.

23a 2 Ni. 26:33.

b 2 Ni. 5:20–25.

c NKM Anenungo.

13 4a NKM Majentairi.

b 1 Ni. 13:26, 34; 14:3,

9–17.

5a Zvaka. 17:3–6;

1 Ni. 14:13.

b Jer. 28:10–14.

6a D&Z 88:94.

NKM Dhiabhorosi—

Chechi radhiabhorosi.

b 1 Ni. 22:22–23.

7 Uye ndikaonawo “goridhe, nesirivha, nesirika, uye micheka mitsvuku, nemachira akarukwa zvinoyevedza, nendudzi dzose dzenhumbi dzakakosha; uye ndikaona pfambi zhinji.

8 Uye ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisai goridhe, nesirivha, nesirika, nemicheka mitsvuku, nemachira akarukwa zvinoyevedza, nenhumbi dzinokosha, nepfambi, ndizvo “zvinodiwa nechechi iyi huru inonyagandza.

9 Uye nokuda kukudzwa nenyika “vanoparadza vatendi vaMwari, vachivatora vachivaisa muutapwa.

10 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa ndikaona mvura zhinji; uye yaiganhura maJentairi kubva kumbeu yehama dzangu.

11 Uye zvakaitika kuti ngirozi yakati kwandiri: Tarisai hasha dzaMwari dziri pamusoro pembeu yehama dzako.

12 Uye ndakatarisa uye ndikaona murume pakati pemaJentairi, akanga akaparadzaniswa nembeu yehama dzangu nemvura zhinji; uye ndikaona “Mweya waMwari, kuti wadzika uye ukatunha murume uyu; uye akaenda pamusoro pemvura zhinji, kana kumbeu yehama dzangu, vakanga vari munyika yechipikirwa.

13 Uye zvakaitika kuti ndakaona Mweya waMwari, kuti

wakatunha maJentairi; uye vakaenda vakabuda muutapwa, pamusoro pemvura zhinji.

14 Uye zvakaitika kuti ndakaona “mhomho zhinji dzemaJentairi ^bmunyika yechipikirwa; uye ndikaona hasha dzaMwari, kuti dzakanga dziri pambeu yehama dzangu; uye ^cvakaparadzwa nemaJentairi vakatambudzika.

15 Uye ndakaona Mweya waIshe, kuti waive pamaJentairi, uye vakabudirira uye vakatora “nyika vakaiita nhaka yavo; uye ndikaona kuti vakanga vari vachena, uye vakarurama chizvo ^bnokunaka, sezvakanga zvakaita vanhu vekwangu vavariwa.

16 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaona kuti maJentairi vakanga vaenda kubva muutapwa vakazvirereka pamberi paIshe; uye simba raIshe rakanga ^ariinavo.

17 Uye ndakaona kuti nyika dzemaJentairi dzakanga dzau-ngana pamwechete mumakungwa, nemumatunhuwo, kuti vavarwise.

18 Uye ndakaona kuti simba raMwari rakanga riinavo, neku-tiwo hasha dzaMwari dzakanga dziri pane avo vose vakanga vaungana pamwechete kuti vavarwise.

19 Uye ini Nifai, ndakaona kuti maJentairi vainge vabuda

7a Morm. 8:36-38.

8a Zvaka. 18:10-24;

Morm. 8:35-38.

9a Zvaka. 13:4-7.

12a NKM Kutunhwa.

14a 2 Ni. 1:11;

Morm. 5:19-20.

b NKM Nyika
yeChipikirwa.

c 1 Ni. 22:7-8.

NKM Israeri—

Kupararira kwa

Israeri.

15a 2 Ni. 10:19.

b 2 Ni. 5:21.

c Morm. 6:17-22.

16a D&Z 101:80.

muutapwa “vakabviswa nesimba raMwari kubva mumaoko emawe ose marudzi.

20 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaona kuti vakabudirira munyika; uye ndakaona “bhuku, uye rakanga rakatakurwa pakati pavo.

21 Uye ngirozi yakati kwandiri: Unoziva here zvinoreva bhuku?

22 Uye ini ndikati kwairi: Handizive.

23 Uye ikati: Tarisai rinobva mumuromo wemuJuda. Uye ini Nifai, ndakariona; uye ikati kwandiri: “Bhuku raurikuona rine ^bzvinyorwa ^czvemaJuda, zvine zvbvumirano zvaIshe, izvo zvavakaita kune vema yaIsraeri; uye rinewo zvizhinji zvezviporofita zvezvaporofita vatsvene; uye inhorondo yakaita seyakanyorwa “pamahwendefa endarira, chete haasi akawanda; zvisinei, ane zvbvumirano zvaIshe, izvo zvavakaita kumba yaIsraeri; nokudaro, zvinokosha kwazvo kumaJentairi.

24 Uye ngirozi yaIshe yakati kwandiri: Waona kuti bhuku rinobuda richibva mumuromo memuJuda; uye kana richibuda richibva mumuromo wemuJuda rinenge riine vhangeri rakakwana ralshe, rinova rinopupurwa nevaapositori vanegumi nevavi-

ri; uye vanopupura maererano nechokwadi chiri muGwayana raMwari.

25 Nokudaro, zvinhu izvi zvinenda zvichibva “kumaJuda zviri zvirokwasvo zvichienda ^bkumaJentairi, maererano nechokwadi chiri munaMwari.

26 Uye mushure mekunge zvaenda neruoko rwevaapositori veGwayana vanegumi nevaviri, zvichibva kumaJuda “zvichienda kumaJentairi, munoona kutangwa ^bkwechechi iya “huru inonyangadza, inonyangadza kupfuura dzimwe chechi dzose; nokuti tarisai, ^dvabvisa kubva muvhangeri reGwayana zvimwe zvikamu zvizhinji zviri “pachena zvinokosha; nezvbvumirano zvizhinji zvaIshe vakabvisa.

27 Uye zvose izvi vakaita kuti vapindure nzira chaidzo dzaIshe, kuti vapofomadze maziso uye vaomose mwoyo yevana vevanhu.

28 Nokudaro, unoona kuti mushure mekunge bhuku rapfuura nemumaoko echechi huru inonyangadza, kuti kune zvinhu zvizhinji zviri pachena uye zvinokosha zvakabviswa mubhuku, rinove bhuku reGwayana raMwari.

29 Uye mushure mekunge zviri pachena nezvinokosha izvi zvabviswa rinoenda kumarudzi

19a 2 Ni. 10:10–14;
3 Ni. 21:4; Eta 2:12.
20a 1 Ni. 14:23.
23a 1 Ni. 13:38;
2 Ni. 29:4–12.
b NKM Magwaro matsvene.
c 2 Ni. 3:12.
d 1 Ni. 5:10–13.

25a 2 Ni. 29:4–6;
D&Z 3:16.
NKM maJuda.
b NKM Majentairi.
26a Mat. 21:43.
b NKM Kurasika pachitendero—
Kurasika pachitendero

kweChechi rekutanga rechiKristu.
c 1 Ni. 13:4–6; 14:3, 9–17.
d Morm. 8:33;
Mos. 1:41.
e 1 Ni. 14:20–26;
Mis. yeCh. 1:8.

ose emaJentairi; uye mushure mekunge raenda kumarudzi ose emaJentairi, hongu, kana kuyambuka makungwa ayo awaona nemaJentairi vaenda vachibva muutapwa, unoona—kuti nenzira yezvinhu zvizhinji zviri pachena uye zvinokosha zvakabviswa mubhuku, zvakanga zviri pachena kunzwickwa nevana vevanhu, maerano nekuve pachena kuri muGwayana raMwari—nenzira yezvinhu izvi zvakabviswa muvhangeri reGwayana, vakawanda zvisingataurike vari kupunzika, hongu, zvokuti Satani ave nesimba guru pamusoro pavo.

30 Zvisinei, unoona kuti maJentairi vakaenda vachibva muhutapwa, uye vakasimudzirwa nesimba raMwari kuti vave pamusoro pemamwe marudzi ose, munyika yakanaka kupfura dzimwe nyika dzose, inovendiyo nyika Ishe Mwari yavakabvumirana nababa vako kuti mbeu yavo ichave nenhaka “yenyika iyi; nokudaro, unoona kuti Ishe Mwari havazobvumira kuti maJentairi vaparadze zvachose ^bkusanganiswa kwembeu yako, iyo iri mukati mehama dzako.

31 Kana kubvumira kuti maJentairi ^avaparadze mbeu yehama dzako.

32 Kana Ishe Mwari kubvumi-

ra kuti maJentairi vagare nariinhi vari muupofu hunotyisa, uhwo hwauri kuona kuti vari mahuri, nenzira yezvinhu zviri pachena uye zvinokosha zvikuru zvevhangeri reGwayana zvakavigwa nechechi iya ^ainonyangadza, yawaona kutangwa kwayo.

33 Nokudaro Gwayana raMwari rinoti: Ndichava netsitsi kumaJentairi, mukushanyira vakasara vemba yaIsraeri mukutongwa kukuru.

34 Uye zvakaitika kuti ngirozi yaIshe yakataura kwandiri ichiti: Tarisai, Gwayana raMwari rinoti, mushure mekunge ndashanyira ^avakasara vemandinotaura ava imbeu yababa wako—nokudaro, mushure mekunge ndavashanyira mukutonga, uye ndavatambudzisa neruoko rwemaJentairi, uye mushure mekunge maJentairi ^bvapunzika zvisingataurike, nenzira yezvikamu zviri pachena-chena zvinokosha ^czvevhangeri reGwayana zvavasina kupihwa nechechi iya inonyangadza, inovendiyo amai vepfambi, Gwayana rinodaro—ndichave netsitsi kumaJentairi musi iwoyo, zvekuti ^dndichauyisa kwavari, musimba rangu, zvizhinji zvevhangeri rangu, richave pachena uye richikosha, rinodaro Gwayana.

30a NKM Nyika
yeChipikirwa.
b Aruma 45:10–14.
31a 2 Ni. 4:7; 10:18–19;
Jak. 3:5–9;
Hir. 15:12;
3 Ni. 16:8–9;

Morm. 5:20–21.
32a NKM Dhiabhorosi—
Chechi
radhiabhorosi.
34a NKM Josefa,
Mwanakomana
waJakobo.

b 1 Ni. 14:1–3;
2 Ni. 26:20.
c NKM Vhangeri.
d D&Z 10:62.
NKM Kudzororwa
pakare kweVhangeri.

35 Nokuti tarisai, rinodaro Gwayana: ndichazviratidza pachangu kumbeu yako, kuti vachanyora zvinhu zvizhinji zvandichavaparidzira, zvichave zviri pachena uye zvichikosha; uye mushure mekunge mbeu yako yaparadzwa, uye yaderera mukusatenda, nembeuwo yehama dzako, tarisai, zvinhu zvose “izvi zvichavanzwa, kuuya kumaJentairi, nechipo nesimba reGwayana.

36 Uye mazviri muchanyorwa “vhangeri rangu, rinodaro Gwayana, uye ^bdombo rangu neruponeso rwangu.

37 Uye “vakakomborerwa avo vachatsvaka kuunza ^bZioni yangu musi iwoyo, nokuti vachawana ‘chipo nesimba reMweya Mutsvene; uye kana ^dvakashingirira kusvika kwepedzisira vachasimudzwa muzuva rekupedzisira, uye vachaponeswa ^emuumambo hweGwayana husingaperi; uye uyo ^fachashambadza runyararo, hongu, matama emufaro mukuru, vachave vakanaka zvakadii mumakomo.

38 Uye zvakaitika kuti ndakaona vakasara vembeu yehama dzangu, ^anebhuku reGwayana

raMwari, rakanga rabva mumuromo wemaJuda, kuti rakauya kubva kumaJentairi ^brichienda kune vakasara vembeu yehama dzangu.

39 Uye mushure mekunge ruya kwavari ndakaona mamwe “mabhuku, akauya pamusoro pesimba reGwayana, kubva kumaJentairi achienda kwavari, ^bmukupwisa maJentairi nevakasara vembeu yehama dzangu, nemaJudawo akange akapararira pasi pose, kuti zvinyorwa zvemaporofita uye nezvevaapositori veGwayana vanegumi nevaviri ^cndezvechokwadi.

40 Uye ngirozi yakataura kwandiri, ichiti: Zvinyorwa ^azvekupedzisira izvi, zvawaona zviri kumaJentairi, ^bzvichamisa chokwadi ^cchevekutanga, avo vanova ndivo vaapositori veGwayana vanegumi nevaviri, uye zvigoita kuti kuzivikanwe zviri pachena uye zvinokosha zvavakatorerwa; uye zvigoita kuti zvizivikanwe kuhama dzose, ndimi, nevanhu, kuti Gwayana raMwari ndiro Mwanakomana waBaba Vokusingaperi, uye ^dMuponesi wenyika; nokuti vanhu vose vakafanira

35a 2 Ni. 27:6; 29:1-2.

NKM Bhuku
raMormoni.

36a 3 Ni. 27:13-21.

^b Hir. 5:12;
3 Ni. 11:38-39.

NKM Ibwe.

37a D&Z 21:9.

^b NKM Zioni.

^c NKM ChipocheweMweya Mutsvene.

^d 3 Ni. 27:16.

NKM Tsungirira.

^e NKM Kubwinya
kweSeresitiyaro.

^f Isa. 52:7;

Mosaya 15:14-18;

3 Ni. 20:40.

38a 1 Ni. 13:23;

2 Ni. 29:4-6.

^b Morm. 5:15.

39a NKM Magwaro
matsvene—Magwaro

matsvene

akaporofitwa kuti
achauya.

^b Ezk. 37:15-20;

2 Ni. 3:11-12.

^c 1 Ni. 14:30.

40a 2 Ni. 26:16-17; 29:12.

NKM Bhuku

raMormoni.

^b Morm. 7:8-9.

^c NKM Bhaibheri.

^d Ona peji yeMusoro

wenya weBhuku
raMormoni.

Mos. 1:6.

kuuya kwaari, kana kuti hava-ngazoponeswa.

41 Uye vakafanira kuuya nemazwi achataurwa nemuromo weGwayana; uye mazwi eGwayana achaziviswa muzvinyorwa zvembeu yako, nemuzvinyorwa zvevaapositori veGwayana vanegumi nevaviri; nokudaro zvose zvichaiswa ^apamwechete; nokuti kuna Mwari ^bmumwechete ^cneMufudzi mumwechete pasi pose.

42 Uye nguva iri kusvika yekuti achazviratidza iye pachake kumarudzi ose, zvose ^akumaJuda nekumaJentairiwo; uye mushure mekunge azviratidza pachake kumaJuda uye nekumaJentairiwo, zvino ozozviratidzawo pachake kumaJentairiwo nekumaJudawo, uye ^bvekupedzisira vachave vekutanga, uye ^cvekutanga vachave vekupedzisira.

CHITSAUKO 14

Ngirozi inotaurira Nifai nezve-maropafadzo nekutukwa kuchawira pamusoro pemaJentairi—Kune chechi mbiri chete: Chechi yeGwayana raMwari nechechi yadhiabhorosi—Vatendi vaMwari mukati memarudzi ose vanotambudzwa nechechi huru inonyangadza—Muapositori Johane achanyora

maererano nekuguma kwenyika. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvichaitika kuti, kana ^amaJentairi vakateerera kuGwayana raMwari muzuva iro raachazviratidza iye pachake kwavari muzwi, ^bnemusimbawo, nemuzviito, nemukubvisa ^czvimhingamupinyi zvavo—

2 Uye vagorega kuomesa mwoyo yavo kuGwayana raMwari, vachaverengerwa mukati membeu yababa vako, hongu, ^avachaverengerwa kumba yeIsraeri; uye vachazove vanhu ^bvakaropafadzwa munyika yechipikirwa nariinhi; havachazotorwa muhutapwa zvakare; uye imba yaIsraeri hai-chazoniyadziswa.

3 Uye ^azigomba guru riya, ravakachererwa nechechi huru inonyangadza, rakatangiswa nadhiabhorosi nevana vake, kuti atungamire mweya yevanhu kugehena—hongu, zigomba guru riya rakachererwa kuti riparadze vanhu richazadzwa neavo vakarichera, vachiparadzwa zvachose, rinodaro Gwayana raMwari; kwete kuparadzwa kwemweya, kunze kwekunge kuri kwokuukanda ^bmugehena riya risina magumo.

4 Nokuti tarisai, izvi zviri maererano neutapwa hwadhi-

41a Ezk. 37:17.

b Deut. 6:4;
Joh. 17:21–23;
2 Ni. 31:21.

c NKM Mufudzi
Akanaka.

42a D&Z 90:8–9; 107:33;
112:4.

b Jak. 5:63.

c Ruka 13:30;
1 Ni. 15:13–20.

14 1a 3 Ni. 16:6–13.
NKM Majentairi.

b I VaT. 1:5; 1 Ni. 14:14;
Jak. 6:2–3.

c Isa. 57:14; 1 Ni. 13:29;
34; 2 Ni. 26:20.

2a VaG. 3:7, 29;

2 Ni. 10:18–19;
3 Ni. 16:13; 21:6, 22;
Abr. 2:9–11.

b 2 Ni. 6:12; 10:8–14;
3 Ni. 16:6–7; 20:27.

3a 1 Ni. 22:14;
D&Z 109:25.

b NKM Kuraswa;
Gehena.

abhorosi, uye zviru maererano nokuranga kwaMwari, kune avo vose vanoita zvakaipa pamberi pake.

5 Uye zvakaitika kuti ngirozi yakataura kwandiri, Nifai ichiti: Waona kuti kana maJentairi vakatendeuka zvinove zvakanaka kwavari; uye unozivawo maererano nezvibvumirano zvaIshe kune vema yaIsraeri; wanzwawo kuti uyo “asingatendeuke anofanirwa kuparara.

6 Saka, heyo “nhamo kumaJentairi kana vakave vanoomesa mwoyo yavo kuGwayana raMwari.

7 Nokuti nguva iri kuuya, rinodaro Gwayana raMwari, yokuti ndichashanda basa guru uye “rinoshamisa pakati pevana vevanhu; basa richange risingaperi, uku kana uku—kuti muvavapwise murunyararo ^bneupenyu hwokusingaperi, kana kuti vaendeswe kuhukukutu hwemwoyo yavo nemuhupofu hwepfungwa dzavo mukuuiswa kwavo muhutapwa, uyewo mukuparadzwa, kwose kwenyama nekwenyema, maerera-^cno neutapwa hwadhiabhorosi, uhwo hwandataura nezvahwo.

8 Uye zvakaitika kuti ngirozi payakange yataura mazwi aya, yakati kwandiri: Unorangarira here ^azvibvumirano zvaBaba

kune vema yaIsraeri? Ndikati, Hongu.

9 Uye zvakaitika kuti yakati kwandiri: Tarisai, uone chechi iya huru inonyangadza, inovendiyo zimai rezvinyangadzo. Akaritanga ari “dhiabhorosi.

10 Uye ikati kwandiri: Tarisai kune chechi “mbiri chete; yekutanga ichechi yeGwayana raMwari, uye ^bimwe ichechi yadhiabhorosi; nokudaro, uyo asiri wechechi yeGwayana raMwari ndewe zichechi riya guru, rinove ndiro zimai rekuipa; uye ndiro ^czipfambi repasi pose.

11 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa ndikaona zipfambi repasi pose, uye rigere pamusoro “pemvura dzakawanda; uye ^brakanga richitonga pasi pose, mukati menyika dzose, marudzi, ndimi, navanhu.

12 Uye zvakaitika kuti ndakatarisa chechi yeGwayana raMwari, nehuwandu hwaro hwaive “hushoma, nenzira yekuipa kwezipfambi rakange rigere pamusoro pemakungwa mazhinji; zvakadaro, ndakaona kuti vechechi yeGwayana, vakange vari vatendi vaMwari, vakange vari pasi ^bpose; uye kutonga kwavo pasi kwaive kushoma, nenzira yekuipa kwezipfambi guru randakanga ndaona.

13 Uye zvakaitika kuti ndaka-

5a NKM Rutendeuko.

6a 2 Ni. 28:32.

7a Isa. 29:14; 1 Ni. 22:8; 2 Ni. 27:26; 29:1–2; D&Z 4:1.

NKM Kudzorera pakare kweVhangeri.

b NKM Upenyu Hwokusingaperi.

c 2 Ni. 2:26–29;

Aruma 12:9–11.

8a NKM Chibvumirano chaAbrahamu.

9a 1 Ni. 15:35;

D&Z 1:35.

NKM Dhiabhorosi.

10a 1 Ni. 22:23.

b 1 Ni. 13:4–6, 26.

c Zvaka. 17:5, 15;

2 Ni. 10:16.

11a Jer. 51:13;

Zvaka. 17:15.

b D&Z 35:11.

12a Mat. 7:14;

3 Ni. 14:14;

D&Z 138:26.

b D&Z 90:11.

ona kuti zimai guru rekuipa raunganidza pamwechete mhomo pasi pose, mukati memarudzi ose emajentairi, kuti “varwise Gwayana raMwari.

14 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaona simba reGwayana raMwari, kuti rakadzika pavatendi vechechi yeGwayana, nekune vanhu vechibvumirano chaIshe, vakange vakapararira nepasi pose; uye vakanga vakapakatira ururami “nesimba raMwari mukukudzwa kukuru.

15 Uye zvakaitika kuti ndakaoona kuti hasha dzaMwari “dzakadururirwa muchechi iya huru inonyangadza, zvekuti kwakave nehondo nerunyerেকে rwehondo pakati ^b pamarudzi ose nehama dzepasi pano.

16 Uye kutanga kwakaita “hondo nerunyerেকে rwehondo pakati pamarudzi ose akange ari ezimai rekuipa, ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisai, hasha dzaMwari dziri pamusoro pezimai repfambi; uye tarisai, unoono zvose zvinhu izvi—

17 Uye kana “zuva rauya rekuti ^b hasha dzaMwari dzidururirwe pamusoro pezimai repfambi, inova chechi huru inonyangadza, akaritanga ari dhiabhorosi, zvino, muzuva iro-ro, ^c basa raBaba richatanga, mukugadzirira nzira yekuzadzikisa

^dzvibvumirano zvavo, zvavakaita kuvanhu vavo vanove vemba yaIsraeri.

18 Uye zvakaitika kuti ngirozi yakataura kwandiri ichiti: Tarisa!

19 Uye ndakatarisa ndikaona murume, uye akanga akapfeka gemenzi jena.

20 Uye ngirozi ikati kwandiri: Ona “mumwe wevaapostori veGwayana vanegumi nevaviri.

21 Tarisai, achaona uye agonyora zvasara zvezvinhu izvi; hongu, nezvinhuwo zvizhinji zvakaitika.

22 Uye achanyorawo nezvekuguma kwenyika.

23 Nokudaro, zvinhu zvaachanyora zvakarurama uye zviriv zvechokwadi; uye tarisai zvinonyorwa “mubhuku rawaona richibuda mumuromo wemuJuda; uye panguva yazvakabva mumuromo wemuJuda, kana kuti, panguva dzabuda bhuku mumuromo wemuJuda, zvinhu zvange zvakanyorwa zvange zviriv pachena uye zvakachena, ^bzvichikoshesesa uye zviriv nyore mukunzwikwa nevanhu vose.

24 Uye tarisai, zvinhu zvichanyorwa “nemuapostori weGwayana uyu zvinhu zvizhinji zvawakaona; uye tarisai, zvasara uchazviona.

25 Asi zvinhu zvauchaona

13a Zvaka. 17:1–6; 18:24;

1 Ni. 13:5;

D&Z 123:7–8.

14a Jak. 6:2;

D&Z 38:32–38.

15a D&Z 1:13–14.

^b Marko 13:8;

D&Z 87:6.

16a 1 Ni. 22:13–14;

Morm. 8:30.

17a NKM Mazuva

Ekupedzisira.

^b 1 Ni. 22:15–16.

^c 3 Ni. 21:7, 20–29.

NKM Kudzorerwa pakare kweVhangeri.

^d Morm. 8:21, 41.

NKM Chibvumirano

chaAbrahama.

20a Zvaka. 1:1–3;

1 Ni. 14:27.

23a 1 Ni. 13:20–24;

Morm. 8:33.

^b 1 Ni. 13:28–32.

24a Eta 4:16.

mushure hauzovinyora; nokuti Ishe Mwari vazodza muapositori weGwayana raMwari kuti “azvinyore.

26 Uye vamwe vanga varipo, kwavari varatidza zvose zvinhu, uye vakabva vazvinyora; uye “zvakanamwa kuti zvigozouya zvakachena, maererano nechokwadi chiri muGwayana, munguva yavo Ishe, kune vema yaIsraeri.

27 Uye ini Nifai, ndakanzwa uye ndinopupura, kuti zita remuapositori weGwayana rative “Johane, maererano nezwi rengirozi.

28 Uye tarisai, ini Nifai, ndinorambidzwa kuti ndinyore zvinhu zvakasara zvandakaona ndikanzwa; nokudaro zvinhu zvandanyora zvakwanirana neni; uye ndanyora chidimu chidiki chezvinhu zvandakaona.

29 Uye ndinopupura kuti ndakaona zvinhu zvakaonekwa “nababa vangu, uye ngirozi ya Ishe yakaita kuti zvizivikanweni.

30 Uye zvino ndave kupedzisa kutaura nezvezvinhu zvandakaona zvandakanga ndakaturwa neMweya; uye kana zvose zvinhu zvandakaona zvisina kunyorwa, zvinhu zvandanyora “ndezvechokwadi. Uye ndizvo zvazviri. Amen.

CHITSAUKO 15

Mbeu yaRihai ichatambira vha-

ngeri kubva kumaJentairi muma-zuva ekupedzisira — Chizvarwa chaisraeri chinofananidzwa nemuti wemuorivi une mapazi achabatandzwa pakare — Nifai anodudzira chiratidzo chemuti weupenyu uye anotaura nezvekuenzanisa kwa-Mwari mukubvisa vatadzi muvakarurama. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ini Nifai, ndakanga ndaturwa mumweya, uye ndaona zvose zvinhu izvi, ndakadzokera kutende kwababa vangu.

2 Uye zvakaitika kuti ndakaona hama dzangu, uye dzakanga dzichiitirana nharo maererano nezvinhu zvakanga zvataurwa nababa vangu kwavari.

3 Nokuti chokwadi vakataura zvinhu zvikuru zvakawanda kwavari, zvakange zvakaoma “kunzwiswa, kunze kwekunge munhu abvunza Mwari; uye ivo vari vakukutu mumwoyo, saka havana kutarisa kuna Ishe sezvavaifanira kuita.

4 Uye zvino ini Nifai, ndakasuwa pamusana pekuoma kwemwoyo yavo, uyewo, nenzira yezvinhu zvandakanga ndaona, nekuziva kuti zvaitoaitika chete nenzira yekuipa kukuru kwevana vevanhu.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaturirwa nenzira yekutambudzwa kwangu, nokuti ndaiti “kutambudzika kwangu kwaive kukuru kupfuura zvose, nenzira

25a Joh. 20:30–31;
Zvaka. 1:19.

26a 2 Ni. 27:6–23;
Eta 3:21–27; 4:4–7;

D&Z 35:18;
Nh—JS 1:65.
27a Zvaka. 1:1–3.
29a 1 Ni. 8.

30a 2 Ni. 33:10–14.

15 3a I VaKori. 2:10–12;
Aruma 12:9–11.

5a NKM Matambudziko.

^byekuparadzwa kwevanhu vekwangu, nokuti ndakanga ndakona kupunzika kwavo.

6 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge ndatambira “simba ndakataura kuhama dzangu, ndichida kuziva kwavari chikonzero chenharo dzavo.

7 Uye vakati: Tarisai, hatinzwisise mazwi ataurwa nababa vedu nezvemapazi emuti wemuorivi, uye nezvemaJentairi.

8 Uye ndikati kwavari: “Mabvunza Ishe here?

9 Uye vakati kwandiri: Hatina; nokuti Ishe havaite kuti tizive chinhu chakadaro.

10 Tarisai, ndakadaro kwavari: Sei musingachengete mirau yaIshe? Sei muchizofa, nenzira “yeukukutu hwemwoyo yenyu?

11 Hamuyeuke here zvinhu izvo zvakataurwa naIshe? — Kana mukasaomesa mwoyo yenyu, uye “mukandikumbira murutendo, muchitenda kuti muchagashira, nekusimba mukuchengeta mirairo yangu, chokwadi zvinhu izvi zvichaziviswa kwamuri.

12 Tarisai, ndinoti kwamuri, imba yaIsraeri yakaenzaniswa nemuti wemuorivi, neMweya waIshe wakanga uri munababa vedu; uye tarisai hatina

kupazuka here kubva mumba yaIsraeri, uye hatizi “bazi remba yaIsraeri here?

13 Uye zvino, chinhu chinoreva baba vedu maererano nekupinzaniswa kwemapazi epo chaiwo kuburikidza nekuzara kwemaJentairi kuti, mumazuva ekupedzisira, kana mbeu yedu “yaderera mukusatenda, hongu, kwemakore mazhinji, uye zvizvarwa zvizhinji mushure mekunge ^bMesia azviratidza nemuviri wake kuvana vevanhu, ndipo pachauya kuzara “kwevhangeri raMesia kumaJentairi, uye robva “kumaJentairi richienda kune vakasara vembeu yedu—

14 Uye muzuva iroro vakasara “vembeu yedu ndipo pavachaziva kuti ndevemba yaIsraeri, nokuti ndivo vanhu ^bvechibvumirano chaishe; uye ndipo pavachaziva nokuuya “muruzivo rwemadzitateguru avo, nekuzivowo rwevhangeri reMununuri wavo, rakaparadzwa kumadzibaba avo naiye; noku-daro, vachauya mukuziva Mununuri wavo nezvinangwa chaizvo zvedzidziso yake, kuti vagoziva kuti vangauye sei kwaari uye vagoponeswa.

15 Uye muzuva iroro havazo-

5b Eno. 1:13;
Morm. 6:1.

6a Mos. 1:10;
Nh—JS 1:20, 48.

8a Mosaya 26:13;
Aruma 40:3.
NKM Munamato.

10a NKM Kurasika
Pachitendero.

11a Jkb. 1:5–6;
Eno. 1:15;
Moro. 7:26;

D&Z 18:18.

NKM Kumbira.

12a Gen. 49:22–26;
1 Ni. 10:12–14; 19:24.
NKM Rihai, Baba
vaNifai.

13a 1 Ni. 12:22–23;
2 Ni. 26:15.

^b NKM Mesia.

^c NKM Vhangeri.

^d 1 Ni. 13:42; 22:5–10;
D&Z 14:10.

NKM Majentairi.

14a 2 Ni. 10:2;
3 Ni. 5:21–26; 21:4–7.

^b NKM Chibvumirano
chaAbraham.

^c 2 Ni. 3:12; 30:5;
Morm. 7:1, 9–10;
D&Z 3:16–20.

Onawo peji
yeMusoro wenya
yeBhuku
raMormoni.

fara here vachirumbidza Mwari vavo vasingaperi, “dombo ravo neruponeso rwavo? Hongu, muzuva iroro, havazogashira here simba nekudya kunosimbisa kubva ^bkumudzambiringa wechokwadi? Hongu, havazouya here mudanga rechokwadi raMwari?”

16 Tarisai, ndinoti kwamuri, Hongu; vacharangarirwa zvakare kune vemba yaIsraeri; “vachabatanidzwa, vari bazi repo remutiwemuorivi, vachiswa mumuti wemuorivi wechokwadi.

17 Uye izvi ndizvo zviri kureva baba vedu; uye vari kureva kuti izvi hazvizoitika kudzamara vati vaparadzwa nemaJentairi; uye vanoreva kuti zvichaitika nekumaJentairi, kuti Ishe aratidze simba rake kumaJentairi, nechikonzero chichaita kuti “arambwe nemaJuda, kana vemba yaIsraeri.

18 Nokudaro, baba vedu havana kutaura nezvembeu yedu yega, asiwo nezvemba yose yaIsraeri, achinongedza kuchibvumirano chichazadzikiswa mumazuva ekupedzisira; chiri chibvumirano chakaitwa naIshe kuna baba vedu Abrahama vachiti: “Mumbeu yako hama dzose dzepasi dzicharopafadzwa.

19 Uye zvakaitika kuti ini

Nifai, ndakataura kwavari zvinzvinji maererano nezvinhu izvi; hongu, ndakataura kwavari “nezvekudzorerwa kwemaJuda mumazuva ekupedzisira.

20 Uye ndakadzokorora mazwi “alsaya kwavari, akataura nezvekudzorerwa pakare, kwemaJuda, kana kwemba yaIsraeri; uye mushure mekunge vadzorerwa havachazonyadziswa, havazoparadzwa zvakare. Uye zvakaitika kuti ndakataura mazwi akawanda kwazvo kuhama dzangu, zvekuti vakapfava uye ^bvakazvirereka pamberi paIshe.

21 Uye zvakaitika kuti vakataura kwandiri zvakare, vachiti: Chinorevei chinhu ichi chakaoonekwa nababa vedu kuhope? Unorevei “muti wavakaona?”

22 Uye ndakati kwavari: Chaive chiratidzo “chemuti weupenyu.

23 Uye vakati kwandiri: Rinorevei “danda resimbi rakaonekwa nababa vedu, raienda pamuti?”

24 Uye ndakati kwavari raive “izwi raMwari; uye avo vachateerera kuzwi raMwari, uye ^bvachibatirira nesimba kwariri, havazofi; hakuna ^czviedzo uye kana ^dmiseve inotyisa ^eyemuve-angi ingavakurire ikavapinza muupofu, kuti vatungamirirwe kunoparadzwa.

25 Nokudaro, ini Nifai, ndaka-

15a NKM Ibwe.

b Gen. 49:11;

Joh. 15:1.

16a Jak. 5:60-68.

17a NKM Kuroverwa.

18a Gen. 12:1-3;

Abr. 2:6-11.

19a 1 Ni. 19:15.

NKM Israeri—

Kuunganidzwa kwa Israeri.

20a 1 Ni. 19:23.

b 1 Ni. 16:5, 24, 39.

21a 1 Ni. 8:10-12.

22a 1 Ni. 11:4, 25;

Mos. 3:9.

23a 1 Ni. 8:19-24.

24a NKM Shoko raMwari.

b 1 Ni. 8:30;

2 Ni. 31:20.

c 1 Ni. 8:23.

NKM Chiedzo.

d VaE. 6:16;

D&Z 3:8; 27:17.

e NKM Dhiabhorosi.

vakuridzira kuti “vachenjerere mazwi aIshe; hongu, ndakavakuridzira nesimba remweya wangu rose, nehugwaru hwose hwandinawo, kuti vachenjerere izwi raMwari uye vagorangarira kuchengeta mirairo yavo nguva dzose muzvinhu zvose.

26 Uye vakati kwandiri: Ko! rwunorevei “rwizi rwemvura rwakaonekwa nababa vedu?

27 Uye ndakati kwavari “mvura yakaonekwa nababa vangu yaive ^butsvina; uye mwoyo wavo wakanga wakanyura mune zvimwe zvinhu zvekuti havana kuona utsvina hwemvura.

28 Uye ndakati kwavari yaive “mvura yakaipa, inoganhura vakaipa kubva pamuti weupenyu, nekubvawo kuvatendi vaMwari.

29 Uye ndikati kwavari chaive chiratidzo “chegehena riye rinytisa, rakanzi kwandiri nengirozi rakagadzirirwa vakaipa.

30 Uye ndakati kwavari baba vedu vakaonawo kuti “kutonga kwakanaka kwaMwari kunoitawo kuti vatsvene vabve muvatadzi; uye kupenya kwacho kwakange kwakaita sechiedza chemoto uri kubvira, uyo unokwira kuna Mwari narinhi narinhi, uye usina magumo.

31 Uye vakati kwandiri:

Chinhu ichi chinoreva here kunetswa kwemuviri mumazuva “ekuedzwa, kana kuti zveku-pedzisira zvinenge zvakaita mweya mushure ^bmekufa kwenyama, kana kuti chiri kutaura here nezvezvinhu zvenyama?

32 Uye zvakaikwa kuti ndakati kwavari chiratidzo chezvinhu zvose zvenyama nezvemweya; nokuti zuva rakafanira kusvika rekuti vatongwe “nemabasa avo, hongu, kana mabasa ayo akaitwa nemuviri wenyama muma-zuva avo ekuedzwa.

33 Nokudaro, kana “vakafa vari mukuipa kwavo vakafanira ^bkuraswawo, muzvinhu zvemweya, izvo zviriri zvinhu zviriri muururami; nokudaro, vakafanira kuunzwa kuti vazomira pamberi paMwari, kuti “vatongwe ^dnemabasa avo; uye kana mabasa avo anga ari etsvina ivo vakafanira kuve “vakasviba; uye kana vakasviba hazvingagone kuti ^fvanga-gare muumambo hwaMwari; kana zvakadaro, umambo hwaMwari hwakafanira kunge hwakasvibawo.

34 Asi tarisai, ndinoti kwamuri, umambo hwaMwari hauna “kusviba, uye hakuna chinhu chisina kuchena chingapinde muumambo hwaMwari; noku-

25a D&Z 11:2; 32:4; 84:43-44.

26a 1 Ni. 8:13.

27a 1 Ni. 12:16.

b NKM Hutsvina.

28a Ruka 16:26;

1 Ni. 12:18;

2 Ni. 1:13.

29a NKM Gehena.

30a NKM Yenzaniso.

31a Aruma 12:24; 42:10; Hir. 13:38.

b Aruma 40:6, 11-14.

32a NKM Mabasa.

33a Mosaya 15:26;

Moro. 10:26.

b Aruma 12:12-16;

40:26.

c NKM Kutonga, Kwekupedzisira.

d 3 Ni. 27:23-27.

e 2 Ni. 9:16;

D&Z 88:35.

f Mpi. 15:1-5; 24:3-4;

Aruma 11:37;

D&Z 76:50-70;

Mos. 6:57.

34a NKM Hutsvina.

daropakafanira kuye nenzvimbo yeutsvina yakagadzirirwa izvo zvakasviba.

35 Uye kune nzvimbo yakagadzirwa, hongu, riya “gehena rinotyisa randataura nezvaro, uye ^bdhiaborosi ndiye mugadziri waro; nokudaro nzvimbo yekupedzisira yemweya yevanhu kugara muumambo hwaMwari, kana kurasirwa kunze nenzira ^cyekuenzanisa kuye kwandambotaura.

36 Nokudaro, vakaipa vanorammbwa kubva muvakarurama, nekubvawo ^akumuti uye weupenyu, une muchero unokosha ^bnekudiwa kupfuura mimwe michero yose; hongu, uye ndicho ^cchipo ^dchikuru chaMwari kupfuura zvose. Uye ndiko kutaura kwandakaita kuhama dzangu. Amen.

CHITSAUKO 16

Vakaipa vanotora chokwadi secha-kaoma—Vanakomana vaRihai vanoroora vanasikana vaIshmaeri—Riahona inovatungamirira mukufamba kwavo murenje—Mazwi anobva kuna Ishe anonyorwa paRiahona nguva nenguva—Ishmaeri anofa; mhuri yake inotsutsumwa pamusana pekutambudzika. Zvingangove makore 600 kusvika ku592 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mushure mekunge ini Nifai, ndapedza kutaura kuvakoma vangu, tarisai vakati kwandiri: Watitaurira zvinhu zvakaoma, zvatisingakwanise kuita.

2 Uye zvakaitika kuti ini ndakati kwavari ndaizviziva kuti ndakanga ndataura zvinhu zvakaoma pamusoro pezvinhu zvakaipa, maererano nechokwadi; vatsvene ndavachenura, ndikagovareverera kuti vave vanosimudzwa nomusi wokupedzisira; nokudaro, vane ^amhosva vanotora ^bchokwadi sechakaoma, nokuti ^cchinovabaya pamwoyo.

3 Uye zvino vakoma vangu, dai manga muri vatsvene uye muchida kuteerera chokwadi, nokuita saizvozvo, kuti ^amuzofamba makatwasanuka pamberi paMwari, hamaizotsutsumwa pamusana pechokwadi, muchiti: Unotaura zvinhu zvakaoma kwatiri.

4 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakakurudzira vakoma vangu, nesimba rangu rose, kuti vachengete mirairo yalshe.

5 Uye zvakaitika kuti ^avakazvininipisa pamberi palshe; zvekuti ndakava norufaro neta-riro huru, kuti vachazofamba munzira dzoutsvene.

6 Zvino, zvinhu zvose izvi zvakataurwa nokuitwa apo

35a 2 Ni. 9:19;

Mosaya 26:27.

NKM Gehena.

b 1 Ni. 14:9; D&Z 1:35.

c NKM Yenzaniso.

36a Gen. 2:9; 2 Ni. 2:15.

b 1 Ni. 8:10–12;

Aruma 32:42.

c D&Z 14:7.

NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

d D&Z 6:13.

16 2a Joh. 3:20; 2 Ni. 33:5;

Eno. 1:23; Hir. 14:10.

NKM Mhosva, Kuva ne.

b Zir. 15:10;

2 Ni. 1:26; 9:40;

Hir. 13:24–26.

c Mabasa 5:33;

Mosaya 13:7.

3a D&Z 5:21.

NKM Famba, Famba

naMwari.

5a 1 Ni. 16:24, 39; 18:4.

baba vangu vaigara mutende yakanga iri munhika yavakanga vadaidza kuti Remueri.

7 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakatora mumwe “wavanasikana vaIshmaeri kuti ave ^bmukadzi wangu; zve, vakoma vangu vakatora vanasikana vaIshmaeri kuti vave vakadzi vavo; uyewo “Zoramu akatora mwanasikana mukuru waIshmaeri kuti ave mukadzi wake.

8 Uye nokudaro baba vangu vakanga vazadzikisa mirairo yose yaIshhe yakanga yapiwa kwavari. Uyewo ini Nifai, ndakanga ndakomborerwa naIshhe zvikuru.

9 Uye zvakaitika kuti izwi raIshhe rakataura kuna baba vangu nousiku, rikavaudza kuti zuva raitevera vaifanirwa kufamba rwendo kuenda murenje.

10 Uye zvakaitika kuti baba vangu zvavakamuka mangwanani, ndokuenda kumusuwu wetende, vakashamiswa kwazvo nokuona pasi chinhu chaine “bhora chakaitwa noumhi zha hunoshamisa; chakanga chakaitwa nendarira yakanaka. Muchibhora umu makanga mune simbi mbiri; imwe yakanga yakanongedzera nzira yataifanirwa kutevedza kuenda murenje.

11 Uye zvakaitika kuti takauanganidza zvinhu zvose zvataifanira kuenda nazvo murenje, nezvimwe zvezvinhu zvedu izvo Ishhe vakatipa; takatora

mbeu dzendudzi dzose kuti tive tinotakura kuenda murenje.

12 Uye zvakaitika kuti takatora matende edu tikasimuka kuenda murenje, tikayambuka rwi zwi Ramani.

13 Uye zvakaitika kuti takafamba kwenguva inoita mazuva mana, takananga kuchamhembe takarerekerera kumabvazuva zvishoma, takamisa matende edu zvakare; uye tikadaidza zita renzvimbo iyi kuti Sheza.

14 Uye zvakaitika kuti takatora uta nemiseve yedu, tikaenda murenje kundobaya kudya kwemhuri dzedu; shure kwokunge tabaya kudya kwemhuri dzedu takadzokera zvakare kwakange kune mhuri dzedu murenje, kunzvimbo yeSheza. Uye takaenda zvakare murenje, tichitevedza gwara rimwechetero, tichitevedza nzvimbo dzerenje dzaive dzakapfuma, dzakanga dziri kumuganhu pedyo “neGungwa Dzvuku.

15 Uye zvakaitika kuti takafamba kwemazuva akawanda, tichibaya zvokudya munzira, neuta nemiseve yedu uye nematombo nezvikopo.

16 Uye takatevera “nzira yatairatidzwa nechibhora, chakatitungamirira munzvimbo dzerenje dzakaorera.

17 Uye shure kwokunge tafamba mazuva akawanda, takamisa matende edu kwechinguva, kuti tizorore zvakare nokuti tiwane kudya kwemhuri dzedu.

7a 1 Ni. 7:1.

b NKM Kuroora.

c 1 Ni. 4:35; 2 Ni. 5:5-6.

10a Aruma 37:38-46.

NKM Riahona.

14a D&Z 17:1.

16a 1 Ni. 16:10, 16, 26;

18:12;

Aruma 37:38-46.

18 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndaenda kundovhima, tarisai ndakatyora uta hwangu, hwakanga hwakagadzirwa “nesimbi yakanaka; uye shure kwokunge ndatyora uta hwangu, tarisai, vakoma vangu vakandishatirirwa pamusana pokurasikirwa nouta hwangu, nokuti hatina kuzowana kudya.

19 Uye zvakaitika kuti takadzokera tisina zvekudya kumhuri dzedu, sevanhu vakange vakaneta zvikuru, nenzira yerwendo, vakatambudzika zvikuru, pamusana pokushaya zvokudya.

20 Uye zvakaitika kuti Ramani naRemueri navanakomana vaIshmaeri vakatangisa kutsutsumwa zvikuru, pamusana pokutambudzika kwavo nezvaivane netsa murenje; uye kana baba vangu vakatangisa kutsutsumwa kuna Ishe Mwari vavo; hongu, vose vakava nokusuwa kukuru, vakatsutsumwa kuna Ishe.

21 Zvino zvakaitika kuti ini Nifai, shure kwokunge taomeserwa tose nevakoma vangu pamusana pekurasikirwa kweuta hwangu, uye tambo dzeuta hwavo dzarasika, zvakatanga kutiomera zvikuru, hongu, zvokuti takatadza kuwana zvokudya.

22 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakataura zvikuru kuvakoma vangu, nokuti vakange vaomesa mwoyo yavo zvakare, zvekuti vakanga “vavakutsutsu-

mwa pamusana paIshe Mwari vavo.

23 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakagadzira uta hwechimuti, ndikashandisa chimuti chakatwasuka, kugadzira museve; naizvozvo, ndokubva ndatora uta nomuseve, nechikopo namatombo. Uye ndakati kuna “baba vangu: Ndoenda kupi kunotsvaka zvekudya?

24 Uye zvakaitika kuti “vakakumbira kuna Ishe, nokuti vakanga vazvinipisa nokuda kwamazwi angu; nokuti ndakanga ndataura zvinhu zvakawanda kwavari nesimba romweya wangu.

25 Uye zvakaitika kuti izwi raIshe rakauya kuna baba vangu; “vakarangwa chaizvo nenzira yokutsutsumwa kwavo kuna Ishe, zvekuti vakasuwa zvikuru.

26 Uye zvakaitika kuti izwi raIshe rakati kwavari: Tarisai pabhora, ugoona zvinhu zvakanyorwapo.

27 Uye zvakaitika kuti baba vangu pavakaona zvinhu zvakanga zvakanyorwa pabhora, vakatya nokudedera kukuru, uye kana vakoma vangu navanakomana vaIshmaeri navakadzi vedu.

28 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaona kwakange kwakatenderwa netsono dzaive pabhora, kuti dzaisevenza mamererano “norutendo nesimba redu nokutevedza kwataidziita.

18a II Sam. 22:35.

22a Eks. 16:8; Num. 11:1.

23a Eks. 20:12;

Mosaya 13:20.

24a NKM Munamato.

25a Eta 2:14.

NKM Kuranga.

28a Aruma 37:40.

NKM Rutendo.

29 Uye pakange pakanyorwa wo zvinhu zvitsva, zvakanga zvakajeka nokuverengeka, zvakatipa “kunzwisisa maererano nenzira dzaIshe; uye zvakanga zvakanyorwa zvichishanduka — shanduka nguva nenguva, maererano nokutenda nesimba redu nekutevedza kana kuteerera kwedu kwariri. Naizvozvo tinoona kuti nezvinhu ^bzviduku Ishe vanogona kuunza zvinhu zvikuru.

30 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaenda pamusoro pegomo, maererano nenzira dzakanga dzichipiwa nebhora.

31 Uye zvakaitika kuti ndakauraya mhuka dzesango, zvekuti ndakawana kudya kwemhuri dzedu.

32 Uye zvakaitika kuti ndakadzokera kumatende edu, ndiine mhuka dzandakanga ndauraya; uye zvino zvavakaona kuti ndakanga ndawana kudya, mufaro wavo wakava mukuru sei! Uye zvakaitika kuti vakazvininipisa pamberi paIshe, vakatenda kwavari.

33 Uye zvakaitika kuti takasimudzira nerwendo rwedu, tika famba zvakada kuenzana negwara redu rokutanga; shure kwokunge tafamba kwamazuva akawanda takadzika matende edu zvakare, kuti timbogara kwenguva yakati.

34 Uye zvakaitika kuti “Ishmaeri akafa, akavigwa panzvimbo yaidaidzwa kuti Nahomu.

35 Uye zvakaitika kuti vanasikana vaIshmaeri vakachema zvikuru, nokuda kwekurasikirwa nababa wavo, uye nenzira “yokutambudzika kwavo murenje; vakatsutsumwa kuna baba vangu, nokuti vakanga vavabvisa munyika yeJerusarema, vachiti: Baba vedu vafa; hongu, uye tafamba zvikuru murenje, tatambudzika zvikuru, nenzira, nenyota, nekuneta; shure kwokutambudzika uku kwose tichafira murenje nenzira.

36 Uye uku ndiko kutsutsu-mwa kwavaiita kuna baba vangu, nekwandiri; uye vakanga vave nechido chokudzokera zvakare kuJerusarema.

37 Uye zvino Ramani akati kuna Remueri uye nokuvanekomana vaIshmaeri: Tarisai, “ngatiurayei baba vedu, uye zvakare nomunin’ina wedu Nifai, anozvitora ^bsomutongi wedu nomudzidzisi wedu, isu tiri vakoma vake.

38 Zvino, anoti Ishe ataura naye, uye achiti “ngirozi dzinoshumira kwaari. Asi tarisai, tinoziva kuti anotinyepera; achitiudza zvinhu izvi, uye anoita zvinhu zvizhinji nokuda kwoungwaru hwake, kuti atinyengedze mumaziso edu, achifunga, kuti zvimwe, angatitungamirire mune imwe nzvimbo yatisingazive murenje; uye shure kwokunge atitungamirira, anofunga kuzviita iye mambo nomutongi pamusoro pedu,

29a NKM Kunzwisisa.
b II Madz. 5:13;
Jkb. 3:4;
Aruma 37:6–7, 41;

D&Z 123:16.
34a 1 Ni. 7:2–6.
35a NKM Matambudziko.
37a 1 Ni. 17:44.

NKM Kuponda.
b Gen. 37:9–11;
1 Ni. 2:22; 18:10.
38a 1 Ni. 3:30–31; 4:3.

kuti ave anoita nesu kuda kwake nokuzvifadza. Uye ndiko kufurira kwakaita mukoma wangu Ramani vamwe kuti vashatirwe.

39 Uye zvakaitika kuti Ishe vakanga vanesu, hongu, uye kana izwi raIshe rakauya rikatura mazwi akawanda kwavari, “rikavaranga zvikuru; uye shure kwokunge varangwa neshoko raIshe vakabvisa kushatirwa kwavo, uye vakatendeuka pazvivi zvavo, zvekuti Ishe vakatikomborerera zvakare nezvokudya, nokudaro hatina kuzofa.

CHITSAUKO 17

*Nifai anorairwa kuvaka ngarava—
Vakoma vake vanomupikisa—
Anovakurudzira achivayeuchidza
pamusana pengano dzaMwari
nezvaakaita kuvaIsraeri—Nifai
anozadzwa nesimba raMwari—
Vakoma vake vanorambidzwa
kumubata, potse vakamubata va-
ngaome serutsanga. Zvingangove
makore 592 kusvika ku591 Kristu
asati azvarwa.*

UYE zvakaitika kuti takatora zvakare rwendo rwedu murenje; takafamba takananga kumabvazuva kubva ipapo. Takafamba tikaona matambudziko akawanda murenje; madzimai edu akasununguka vana murenje.

2 Uye takapiwa makomborerero

makuru kubva kuna Ishe, zvekuti patairarama nenyama “mbishi murenje, madzimai edu akaita mukaka wevana wakawanda, akava akasimba, hongu, sesu varume; vakatangisa kuennderera mberi nerwendo vasingatsutsumwe.

3 Uye nokudaro tinoona kuti mirairo yaMwari inofanirwa kuzadzikiswa. Uye kana zvakadaro kuti vana vavanhu “vachengete mirairo yaMwari ivo vachavagutsa, nokuvasimbisa, uye vanovapa nzira yokuti vabudirire pazvinhu zvavakarairira; naizvozvo, ^bvakatipa nzira apo taifamba murwendo tiri murenje.

4 Uye takafamba kwamakore akawanda, hongu, makore masere tiri murenje.

5 Uye takasvika panzvimbo yatakadaidza kuti Nyika yeMaguta, nokuda kwemichero yacho nouchi hwomusango; uye zvinhu zvose izvi zvakagadzirirwa isu naIshe kuti tisafe. Uye takaona gungwa, ratakadaidza kuti Iriandumu, iro rodudzirwa zvichireva kuti mvura yakawanda.

6 Uye zvakaitika kuti takamisa matende edu pedyo negungwa; zve, zvisinei nekuti takange tana “matambudziko akawanda nokuomerwa kukuru, hongu, akawanda zvokuti hatingakwanise kuanyora ose; takafara zvikuru apo patakasvika munyasi megungwa; takadaidza

39a NKM Kuranga.
17:2a 1 Ni. 17:12.
3a Mosaya 2:41;

Aruma 26:12.
NKM Anoteerera.
b 1 Ni. 3:7.

6a 2 Ni. 4:20.

nzvimbo iyi kuti Nyika yeMaguta, nokuda kwokuwanda kwemichero yayo.

7 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakati ndagara munzvimbo yeNyika yeMaguta kwamazuva mazhinji, izwi raIshe rakauya kwandiri richiti: Simuka, uende mugomo. Uye zvakaitika kuti ndakasimuka ndikaenda mugomo, ndikachema kuna Ishe.

8 Uye zvakaitika kuti Ishe vakataura kwandiri, vachiti: Uchavaka ngarava, "nenzira yandichakuratidza, kuti nditakure vanhu vako vayambuke mvura iyi.

9 Uye Ini ndakati: Ishe, ndokupi kwandingaende kwandingawane simbi yokunyunguditsa, kuti ndigadzirise zvinhu zvokugadzirisa ngarava nomuvakiro wamandiratidza?

10 Uye zvakaitika kuti Ishe akanditaurira uko kwandaifanirwa kuenda kuti ndinowana simbi, yokugadzirisa zvinhu zvacho.

11 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakagadzira mvuto yokupfutisa moto, namatehwe emhuka; uye shure kwokunge ndagadzira mvuto, iyo ndaizopfutisa nayo moto, ndakarovanisa matombo maviri kuti ndiite moto.

12 Nokuti Ishe akanga asati amboita kuti tibatidze moto wakawanda, apo taifamba murenje; nokuti akati: Ndichaita

kuti kudya kwenyu kunake, kuti "musakubike;

13 Uye ini ndichazovawo chiedza chenyu murenje; "ndichakugadzirirai nzira mberi kwenyu, kana muchichengeta mirairo yangu; nokudaro, muchachengeta mirairo yangu muchatungamirirwa kunyika^byechipikirwa; uye "muchazoziva kuti ndini ndinokutungamirirai.

14 Hongu, Ishe vakatiwo zvakare: Shure kwokunge masvika munyika yechipikirwa, "muchaziva kuti Ini Ishe, ndiri^bMwari; uye kuti Ini Ishe, ndakakubvisai kubva mukuparadzwa; hongu, kuti ndakakubvisai munyika yeJerusarema.

15 Naizvozvo, ini Nifai, ndakaedza kuchengeta mirairo yaIshe, ndikakurudzira vakoma vangu kuti vave nokutenda nokusimba.

16 Uye zvakaitika kuti ndakagadzira zvinhu zvekuvakisa nesimbi yandakanyunguditsa kubva mumatombo.

17 Uye vakoma vangu zvavakaona kuti ndave kuda "kuvaka ngarava, vakatangisa kutsutsu-mwa pamusoro pangu, vachiti: Munin'ina wedu ibenzi, nokuti anofunga kuti angavake ngarava; hongu, uye zvakare anofunga kuti angayambuke mvura zhinji iyi.

18 Uye uku ndiko kutsutsu-mwa kwavakoma vangu pamusana pangu, uye vakanga

8a 1 Ni. 18:2.

12a 1 Ni. 17:2.

13a Aruma 37:38-39.

b 1 Ni. 2:20; Jak. 2:12.

c Eks. 6:7.

14a 2 Ni. 1:4.

NKM Uchapupu.

b D&Z 5:2.

17a 1 Ni. 18:1-6.

vasingade kusevenza, nokuti vakanga vasingatendi kuti ndingavake ngarava; kana kuvimba kuti ndakange ndairwa naIshe.

19 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakava nokusuwa kukuru pamusana pokuoma kwemwoyo yavo; zvino zvavakaona kuti ndakanga ndasuwa vakava vanofara mumwoyo yavo, zvokuti “vakafara pamusoro pangu vachiti: Taizviziva kuti hawikwanisa kuvaka ngarava, nokuti taiziva kuti wakange usina njere dzacho; naizvozvo, haukwanise kubudirira mubasa guru rakadaro.

20 Uye wakafanana nababa vedu, vakatungamirirwa “nokufunga kwoupenzi hwemwoyo wavo; hongu, vakatitungamirira kubva munyika yeJerusarema, zvino tatetereka nerenje kwamakore aya akawanda; zve madzimai edu vakashanda zvikuru, vaine nhumbu; vakasununguka vana vari murenje vakaona matambudziko ose, kunze kworufu; zvingadai zvakavenani dai vakafa vasati vabva Jerusarema pane kuti vatambudzike zvakadai.

21 Tarisai, makore akawanda ose aya atakatambudzika tiri murenje, iyoyo nguva tingadai takanakirwa nezvinhu zvedu nenyika yenhaka yedu; hongu, tingadai taifara.

22 Uye tinoziva kuti vanhu

vakanga vari muJerusarema vakanga vari vanhu “vatsvene; nokuti vaichengeta mitemo yakanyorwa nokutonga kwaIshe, nemirairo yavo yose, maererano nemutemo waMosesi; naizvozvo, tinoziva kuti vanhu vatsvene; uye baba vedu vavatonga, uye vakatitungamirira kuti tibudemo nokuti takagashira mazwi avo; hongu, uye munin’ina wedu akafanana navo. Nomutauro wakadai vakoma vangu vakatsutsumwa pamusana pedu.

23 Uye zvakaitika kuti ini, Nifai, ndakataura navo, ndichiti: Munotenda here kuti madzibaba edu, vakanga vari vana vaIsraeri, vangadai vakatungamirirwa here kubva mumaoko emaEgipita dai vasina kuteerera mazwi alshe?

24 Hongu, munofunga kuti vangadai vakabviswa muusungwa, dai Ishe asina kuraira Mosesi kuti “avatungamirire kubva muusungwa?

25 Zvino munoziva kuti vana vaIsraeri vakanga vari “muusungwa; uye munoziva kuti vakanga vakaremedzwa ^bnembasa akange akaoma zvikuru kutakurwa; naizvozvo, munoziva kuti zvinhu zvakanaka zvai fanirwa kuitwa kwavari, kuti vabviswe muusungwa.

26 Zvino munoziva kuti “Mosesi akarairwa naIshe kuti aite basa guru iri; uye munoziva kuti ^bnezwi rake mvura

19a NKM Kupfuvisa.

20a 1 Ni. 2:11.

22a 1 Ni. 1:13.

24a Eks. 3:2–10;

1 Ni. 19:10;

2 Ni. 3:9; 25:20.

25a Gen. 15:13–14.

^b Eks. 1:11; 2:11.

26a Mabasa 7:22–39.

^b Eks. 14:21–31;

1 Ni. 4:2;

Mosaya 7:19;

Hir. 8:11;

D&Z 8:3;

Mos. 1:25.

yeGungwa Dzvuku yakapara-dzana, vakapfuura nepakaoma.

27 Asi munoziva kuti maEgi-pita vakaeredzwa muGungwa Dzvuku, avo vakange vari ma-uto aFarao.

28 Uye munoziva kuti vakapi-wa “mana yekudya murenje.

29 Hongu, uye zvakare muno-ziva kuti Mosesi, nezwi rake maererano nesimba raMwari rakanga riri maari, “akarova dombo, rikabuda mvura, kuti vana veIsraeri vapedze nyota yavo.

30 Uye zvisinei nokutungami-ru kwavo, Ishe Mwari vavo, Mununuri wavo, achienda pamberi pavo, vaivatungami-rira masikati vachivapa chie-dza usiku, vachivaitira zvinhu zvose izvo zvakange “zvaka-fanira kuti zvitambirwe nevanhu, vakaomesa mwoyo yavo vaka-pofomadza pfungwa dzavo, uye ^bvakapandukira Mosesi naMwari vechokwadi mupenyu.

31 Uye zvakaitika kuti maere-rano neshoko ravo “vakavapara-dza; uye maererano neshoko rake ^bakavatungamirira; uye maererano nezwi rake akavaiti-ra zvinhu zvose; hapana chinhu chakaitwa chakanga chisiri ma-ererano neshoko ravo.

32 Uye shure kwokunge

vayambuka rwizi rweJorodhani vakavapa masimba “ekuburitsa vana venyika iyi hongu, ekuva-paradzanisa nekuvaparadza.

33 Uye zvino, munofungidzira here kuti vana venyika ino, va-kanga vari munyika yechipiki-rwa, avo vakatandirwa kunze namadzibaba edu, munofungi-dzira here kuti vakanga vari vatsvene? Tarisai, ndinoti kwa-muri, Kwete.

34 Munofunga here kuti ma-dzibaba edu angadai akange ari nani pane avo dai vakanga vari vatsvene? Ini ndinoti kwa-muri, Kwete.

35 Tarisai, Ishe vanoremeke-dza vanhu vose “zvakaenzana; uyo ^bakarurama anova ‘anodiwa zvikuru naMwari. Asi tarisai, vanhu ava vakange varamba mazwi ose aMwari, vakanga vakakomba mukuipa; uye ha-sha dzose dzaMwari dzakanga dziri pamusoro pavo; Ishe va-katuka nyika iyi pamusoro pavo, vakairopafadzira madzi-baba edu; hongu, vakaituka zvekuti vaparare, uye vakako-mborera madzibaba edu kuti vawane simba pamusoro payo.

36 Tarisai, Ishe “vakasika ^bnyika kuti ‘igarwe; akasika vana vake kuti ive yavo.

37 Uye “vanosimudzira rudzi

28a Eks. 16:4, 14-15, 35;
Num. 11:7-8;

Deut. 8:3; Mosaya 7:19.

29a Eks. 17:6; Num. 20:11;
Deut. 8:15; 1 Ni. 20:21.

30a D&Z 18:18; 88:64-65.

^b Eks. 32:8;

Num. 14:2-3;

Ezk. 20:13-16;

D&Z 84:23-25.

31a Num. 26:65.

^b 1 Ni. 5:15;

D&Z 103:16-18.

32a Num. 33:52-53;

Josh. 24:8.

35a Mabasa 10:15, 34;

VaR. 2:11;

2 Ni. 26:23-33.

^b Mpi. 55:22;

1 Ni. 22:17.

^c I Sam. 2:30;

Mpi. 97:10; 145:20;

Aruma 13:4;

D&Z 82:10.

36a NKM Sika.

^b NKM Pasi.

^c Isa. 45:18;

Abr. 3:24-25.

37a Zir. 14:34; 1 Ni. 4:13;

Eta 2:10; D&Z 117:6.

rwakarurama, vachiparadza marudzi evakaipa.

38 Uye vanotungamirira avo vakarurama ^akunyika dzinokosha, vakaipa ^bvanoparadza, nokutuka nyika pamusana pavo.

39 Vanotonga kumusoro kumatenga, nokuti ndicho chigaro chavo, nyika ino ^achituru che-tsoka dzavo.

40 Uye vanoda avo vanoda kuti vave Mwari vavo. Tarisai, vaida madzibaba edu, vakaitirana ^achibvumirano navo, hongu, kana naAbrahama, ^bIsaka, ^cnaJakobo; uye vakarangarira zvibvumirano zvakavange vaita; naizvozvo, vakavaburitsa munyika ^dyeEgipita.

41 Uye vakavatwasanura murenje nemubhadha wavo; nokuti ^avakaomesa mwoyo yavo, kana sezvamaita imi; uye Ishe vakavatwasanudza pamusana pokuipa kwavo. Vakatumira ^bnyoka dzinobhururuka dzinotyisa kwavari; uye shure kwokunge varumwa vakagadzira nzira dzokuti ^cvaporeswe; basa ravaifanira kuita nderokutarisa; pamusana ^dpekureruka kwenzira iyi, kana kupusa kwayo, pakaita vakawanda vakafa.

42 Uye vakaomesa mwoyo yavo nguva nenguva, ^avakapandukira ^bMosesi, naMwariwo,

zvisinei, munoziva kuti vakatungamirirwa nesimba ravo risina anorikwanisa kunyika yechipikirwa.

43 Uye zvino, shure kwezvinhu izvi zvose, nguva yasvika yokuti vaipa, hongu, vave pedyo nekukomba; ini handizive asi iye nhasi vave pedyo neku-paradzwa; nokuti ndinoziva kuti zuva racho rinotofanirwa kuuya ravanofanirwa kuparadzwa, kuchisara vashoma chete, vachazotungamirwa kuenda muusungwa.

44 Nokudaro, Ishe ^avakaraira baba vangu kuti vaifanirwa kuenda murenje; uye maJuda aida kuvauraya; hongu, uyewo kana ^bimi makatsvaga kutora upenyu hwavo; saka, muri mhondi mumwoyo yenyu uye makafanana navo.

45 ^aMunomhanyira kuita zvaikaipa asi muchinonoka kuyeuka Ishe Mwari venyu. Maona ^bngirozi, ikataura nemi; hongu, munonzwa izwi ravo nguva nenguva; uye vakataura kwamuri nezwi diki riri pasi-pasi, asi manga ^cmusisanzwe, zvekuti hamuna kunzwa mazwi avo; nokudaro, vakataura kwamuri nezwi guru, rakaita kuti nyika indengendeke sokunge yakanga yava kuda kutsemuka napakati.

38a NKM Nyika
yeChipikirwa.

b Zvaka. 20:22.

39a Isa. 66:1; D&Z 38:17;
Abr. 2:7.

40a NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

b Gen. 21:12;
D&Z 27:10.

c Gen. 28:1–5.

d Deut. 4:37.

41a II Madz. 17:7–23.

b Num. 21:4–9;

Deut. 8:15;

Aruma 33:18–22.

c Joh. 3:13–15;

2 Ni. 25:20.

d Aruma 37:44–47;

Hir. 8:15.

42a Num. 14:1–12.

NKM Hupanduki.

b D&Z 84:23–24.

44a 1 Ni. 2:1–2.

b 1 Ni. 16:37.

45a Mosaya 13:29.

b 1 Ni. 4:3.

c VaE. 4:19.

46 Uye munozivawo kuti “ne-simba rezwi ravo vanokwanisa kuti nyika itsakatike; hongu, uye munoziva kuti nezwi ravo vanokwanisa kuti nzvimbo dzine man’an’a dzive dzakakwenenzverwa, uye nzvimbo dzakakwenenzverwa dzipazwe. Zvino, seiko, muchioma kudaro mumwoyo yenyu?

47 Tarisai, mweya wangu watsemuka nekurwadziwa pamusana penyu, uye mwoyo wangu warwadzwa; ndinotyia kuti mucharaswa zvachose. Tarisai, “ndakazara noMweya waMwari, zvokuti muviri wangu ^bhauna simba.

48 Uye zvakaitika kuti ndataura mazwi aya vakandishatirirwa, vakada zvokundikanda mugungwa; uye pavaiuya kuzondibata ndakataura navo, ndichiti: Muzita raMwari “sa-Masimba, ndinokuudzai kuti ^bmusandibata, nokuti ndizere nesimba raMwari, kusvika pakuzara kwenyama yangu; uyo anondibata ‘achasvava kunyange setsanga yakaoma; uye achave semunhu pasina neSimba raMwari, nokuti Mwari achamuranga.

49 Uye zvakaitika kuti ini, Nifai, ndakati kwavari havaifanirwa kutsutsumwa zvakare pamusana papaba vavo; kana kuti varambe kushanda neni, nokuti Mwari akange andiraira kuti ndinofanirwa kuvaka ngarava.

50 Uye ndakati kwavari:

“Kana Mwari andiraira kuti ndiite zvinhu zvose ndinozviita. Akandiraira kuti nditi kumvura iyi, iva ivhu, inofanirwa kuita ivhu; kana ndikazvitaura, zvinoitwa.

51 Uye zvino, kana Ishe vaine simba guru kudaro, uye akaita zvishamiso zvakawanda muvana vavanhu, ko anozotadza seiko “kundiraira ini, kuti ndinofanirwa kuvaka ngarava?

52 Uye zvakaitika kuti ini, Nifai, ndakataura zvinhu zvakawanda kuvakoma vangu, zvokuti vakanyara vakatadza kunditisa nharo; kana kundibata kana kundigumha neminwe yavo, kwamazuva mazhinji. Zvino havana kuzviita izvi nokutya kuti vangasvave, ndiko kusimba kwakange kwakaita “Mweya waMwari; uye ndizvo zvawakavatunha.

53 Uye zvakaitika kuti Ishe vakati kwandiri: Tambanudza zvakare ruoko rwako kuvakoma vako, havazosvava pamberi pako, asi ndichavavhundutsa, vakadaro Ishe, uye izvi ndichazviita, kuti vave vanoziva kuti ndini Ishe Mwari vavo.

54 Uye zvakaitika kuti ndakatanbanudza ruoko rwangu kuvakoma vangu, vakasasvava pamberi pangu; asi Ishe vakavazunza, kana maererano neshoko ravakange vataura.

55 Uye zvino, vakati: Tinoziva zvechokwadi kuti Ishe vanewe, nokuti tinoziva kuti isimba

46a Hir. 12:6–18.

47a Mika 3:8.

^b 1 Ni. 19:20.

48a Mosaya 13:3.

^b 2 Ni. 1:26–27.

NKM Simba.

^c 1 Madz. 13:4–7.

50a VaF. 4:13; 1 Ni. 3:7.

51a Gen. 6:14–16;

1 Ni. 18:1.

52a NKM Mweya

Mutsvene.

raIshe ratizunza. Uye vakawira pasi pamberi pangu, vakanga voda “kundinamata, asi ndakavarambidza, ndichiti: Ndiri munun’una wenyu, hongu, muduku kwamuri; nokudaro, namatai Ishe Mwari venyu, muve munokudza baba naamai venyu, kuti ^bmazuva enyu ave anowanda munyika iyo Ishe Mwari venyu vachakupai.

CHITSAUKO 18

Ngarava inopedzwa — kuzvarwa kwaJakobho naJosefa kunotaurwa — Vanotangisa rwendo rwekuenda kunyika yechipikirwa — Vanakomana vaIsmaeri navakadzi vavo vanobatana mukupanduka — Nifai anosungwa, ngarava inodzoserwa shure nedutu remhepo yakaipa — Nifai anosunungurwa, uye kuburikidza nomunamato wake dutu remhepo rinopera — Vanhu vano-svika munyika yechipikirwa. Zvingangove makore 591 kusvika ku589 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti vakanamata Ishe, vakaenda neni; tikaveza mapango engarava neumhizha hunoshamisa. Uye Ishe aindiraitidza nguva nenguva nzira yandaifanira kuveza nayo mapango engarava aya.

2 Zvino ini Nifai, handina kuveza miti iyi sekuveza kunoita vanhu, uye handina kuvaka ngarava iyi sekuvakwa kwainoitwa nevanhu; asi ndakaivaka netsika yandakanga ndarati-

dzwa nalshe; naizvozvo, isina kufanana nenzira yavanhu.

3 Uye zvino ini Nifai, ndaienda mugomo, “ndichinonamata kuna Ishe; nokudaro Ishe ^bvakandiratidza zvinhu zvikuru.

4 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge ndapedza kuvaka ngarava, maererano nezwi raIshe, vakoma vangu vakao-na kuti yakanga yakanaka, nokuti basa rakanga rakanaka zvinoyevedza; naizvozvo, “vakazvininipisa zvakare pamberi paIshe.

5 Uye zvakaitika kuti izwi raIshe rakauya kuna baba vangu, kuti tinofanirwa kusimuka tipinde mungarava.

6 Uye zvakaitika kuti mangwana acho, shure kwokunge tagadzirira zvinhu zvose, michero yakawanda “nenyama kubva murenje, neuchi hwakawandisa, nezvimwe zvataida sekurairwa kwatakange taitwa nalshe, takaenda mungarava, nemikwende yedu yose nembeu, nezvimwe zvinhu zvatakanga tauyawo nazvo, mumwe nomumwe maererano nezera rake; naizvozvo, takaenda mungarava tose, pamwechete nevakadzi, nevana vedu.

7 Uye zvino, baba vangu vakanga vaita vanakomana vaviri murenje; mukuru ainzi “Jakobho muduku achinzi ^bJosefa.

8 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge tose tapinda mungarava, tatora mbuva dzedu nezvinhu zvose zvatakanga

55a Mabasa 14:11-15.
b Eks. 20:12;
Mosaya 13:20.

18 3a NKM Munamato.
b NKM Zvakazarurwa.
4a 1 Ni. 16:5.

6a 1 Ni. 17:2.
7a 2 Ni. 2:1.
b 2 Ni. 3:1.

tarairwa, takapinda “mugungwa ikafambiswa nemhepo tichienda kunyika ^byechipikirwa.

9 Uye shure kwokunge tafambiswa nemhepo mazuva akawanda, tarisai, vakoma vangu nevanakomana valshmaeri nevakadzi vavo vakatangisa kuzvifadza, zvekuti vakatanga kutamba, nokuimba, nokutaura nenzira yakaipa, hongu, nokudaro vakakanganwa simba rakanga raita kuti vasvike pavakange vave apa, hongu, kuzvikudza zvakananyanya.

10 Uye ini Nifai, ndakatanga kuva nokutya kukuru kuti Ishe vachatishatirirwa, akatiranga pamusana pokuipa kwedu, tikazomedzwa tikanyura mugungwa; naizvozvo, ini Nifai, ndakatanga kutaura navo zvi nyoro-nyoro; asi “vakandishatirirwa vachiti: Hatibvume kuti munun’una wedu ave ^bmutongi wedu.

11 Uye zvakaitika kuti Ramani naRemueri vakanditora vakandisunga netambo, vakandibata zvakaipa zvikuru; asi zvisinei, Ishe “vakazvibvumira kuti varatidze simba rake, mukuzadzikisa shoko ravo iro vakange vataura pamusoro pevakaipa.

12 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge vandisunga zvo-kuti handina kukwanisa kufamba, “chinongedzo, chakange

chagadzirwa nalshe kuti chitungamirire, chakabva charega kushanda.

13 Naizvozvo, havana kuziva kwokunangisa ngarava, mukudaro kwakasimuka dutu guru, hongu, mhepo yakaipisa zvikuru, “tikadzorerwa shure pamusoro pemvura kwemazuva matatu; vakatangisa kuva nokutya kukuru kuti vangangonyudzwa mugungwa; zvakadaro havana kundisunungura.

14 Uye pazuva rechina, apo takanga tadzorerwa shure, mhepo nedutu yakatangisa kurwadza zvikuru.

15 Uye zvakaitika kuti takange tava kuda kumedzwa negungwa. Uye shure kwokunge tadzorerwa shure tiri mumvura kwamazuva mana, vakoma vangu vakatangisa “kuona kuti kutonga kwaMwari kwakanga kwava pavari, kuti vanofa kana vasina kutendeuka kubva pazvivi zvavo, saka vakauya kwandiri, vakasunungura tambo dzakanga dzakandisunga maoko, hongu, akanga azvimba zvikuru, uye nezvizo zvemakumbo angu zvakanga zvazvimbawo, zvichirwadza zvikuru.

16 Zvakadaro ndakatarisa kuna Mwari wangu, “ndakamukudza zuva rose; uye handina kutsutsumwa kuna Ishe pamusana pokutambudzwa kwangu.

17 Zvino baba vangu Rihai,

8a 2 Ni. 10:20.

b 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

10a 1 Ni. 17:17–55.

b Gen. 37:9–11;

1 Ni. 16:37–38;

2 Ni. 1:25–27.

11a Aruma 14:11.

12a 1 Ni. 16:10, 16, 26;

2 Ni. 5:12;

Aruma 37:38–47;

D&Z 17:1.

13a Mosaya 1:17.

15a Hir. 12:3.

16a Aruma 36:28.

vakanga vataura zvinhu zvakawanda kwavari, uyewo nekuvanakomana “vaIshmaeri; asi tarisai, vakatyisidzira uyo wose aida zvekundireverera; uye vabereki vangu savanhu vakanga vakwegura, uye vari vanhu vairwadziwa nenzira yekuita kwevana vavo, hongu, vakange vave vanhu veparukukwe rwokurwara.

18 Nokuda kwokutambudzika kwavo nokusuwa, nokutadza kwavakoma vangu, vakanga vaunzwa pedyo nokutakurwa kubva panguva ino kuti vasingane naMwari wavo; hongu, uye kana bvudzi ravo jena rakanga rava pedyo kurinzwa muguruva; hongu, uye vakanga vava pedyo kuti vakandwe nokusuwa muguva rizere mvura.

19 Uye Jakobho naJosefa, sezvo vakanga vari vadiki, vaida zvinogutsa zvakawanda, vakasuwa pamusana pekutamudzika kwamai vavo; uye mudzimai “wangu nemisodzi neminamoto yake, uye vana vangu, havana kunyevenutsa mwoyo yavakoma vangu kuti vandisunungure.

20 Uye hapana chimwe chinhu kunze kwesimba raMwari, raivatyisidzira kuti richavaparadza, chaita kuti vavpavise mwoyo yavo; naizvozvo, zvavakaona kuti vakange vavakuda kumedzwa negungwa vakatendeuka pazvinhu zvavakanga vaita, mukudaro vakandisunungura.

21 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge vandisunungura, tarisai, ndakatora chinongedzo, chikasevenza nenzira yandaida. Uye zvakaitika kuti ndakana-mata kuna Ishe; shure kwokunge ndananata mhopo yakamira, dutu rikamira kukava nokunya-rara kukuru.

22 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakafambisa ngarava, tikafamba tichienda kunyika yechipikirwa.

23 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge tafamba mazuva akawanda takasvika munyika “yechipikirwa; takaburuka tikadzika matende edu; tika-idaidza kuti nyika yechipikirwa.

24 Uye zvakaitika kuti takatangingisa kurima, tikatangisa kudyara mbeu; hongu, tikaisa mbeu dzedu dzose muvhu, idzo dzatakanga tauya nadzo kubva kunyika yeJerusarema. Uye zvakaitika kuti dzakakura zvikuru; naizvozvo, takakomborerwa zvikuru.

25 Uye zvakaitika kuti takaona munyika yechipikirwa, apo taifamba murenje, kuti makanga muine mhuka mumasango dzemhando dzose, nzombe nemhou, mbongoro nemahachi, mbudzi nembudzi dzomusango, nedzimwewo mhuka dzesango, idzo dzakange dzakaisirwa kushandiswa navanhu. Takaona mabwe esimbi dzose, egoridhe, nesirivha, nemhangura.

CHITSAUKO 19

Nifai anoita mahwendefa esimbi uye obva anyora rungano rwevanyu vekwake—Mwari vaIsraeri vachauya kwapfuura mazana matanhatu emakore kubvira panguva yakabva Rihai muJerusarema—Nifai anotaura pamusoro pekutambudzwa nekuroverwa kwavo—MaJuda vachashorwa uye vago-paradzaniswa kudakara mazuva ekupedzisira, pavachazodzokera kuna Ishe. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti Ishe vakandituma, nokudaro ndikagadzira mahwendefa esimbi kuti ndigonyora paari zvinyorwa zvevanhu vekwedu. Uye “pamahwendefa andakaita ndakaisa zvinyorwa ^bzvababa vangu, nenzendo dzedu tiri murenje, nezvekuporofita kwababa vangu; nezvishinji zvekuporofita kwangu ndakazvinyora paari.

2 Uye handina kuziva panguva yandakanga ndichigadzira kuti ndichazotumwa naIshe kugadzira mahwendefa ^aaya; nokudaro, zvinyorwa zvababa vangu, nezvenhoroondo yekuberekwa kwemadzibaba avo, nechidimbu chezvakananda zvekufamba kwedu murenje zvakanorwa pamahwendefa aye ekutanga andambotaura; nokudaro, zvinhu zvakatora nzvimbo ndisati ndagadzira

mahwendefa ^baya, pachokwadi, zvakataurwa nezvazvo kunyanya mumahwendefa ekutanga.

3 Uye mushure mekuita mahwendefa aya nekutumwa, ini Nifai, ndakagashira shoko rekuti hushumiri nezvekuporofita, zvidimu zvainge zvakananyanya kuve pachena uye zvinokosha zvacho, zvaifanirwa kunyorwa pamahwendefa ^aaya; uye nokuti zvinhu zvinyorwa zvichenge-terwe kudzidziswa vanhu vekwangu, vanenge vari varidzi venyika, uyewo kuitira mamwe mabasa ^beuchenjeri, aya mabasa ari anozivikanwa kuna Ishe.

4 Nokudaro, ini Nifai, ndakaita zvinyorwa pane mamwe mahwendefa, zvinopa nhoroondo, kana zvinopa nhoroondo huru yedzihondo nekupesana neku-paradzwa kwevanhu vekwangu. Uye izvi ndakazviita, uye ndikaudza vanhu vekwangu zvekuita mushure mekunge ndaenda; nekuti mahwendefa aya akafanira kugashidzanwa kubva kune chimwe chizvarwa kuenda kune chimwe, kana kuti kubva kune muporofita zvichienda kune mumwe, kudakara Ishe vataura zvakare.

5 Uye nhoroondo “yekugadzira kwangu mahwendefa aya ichapiwa mushure; uye zvino, tari-sai, ndoenda mberi maererano nezvandataura; uye izvi ndinoin-ta kuti zvinhu zvinonyanya ku-yera ^bzvichengeterwe kuziva kwevanhu vekwangu.

19 1a NKM Mahwendefa.

b 1 Ni. 1:16-17; 6:1-3.

2a 2 Ni. 5:30.

b 1 Ni. 9:1-5.

3a Jak. 1:1-4; 3:13-14;

4:1-4.

b 1 Ni. 9:4-5;

Mazwi 1:7;

D&Z 3:19-20; 10:1-51.

5a 2 Ni. 5:28-33.

b NKM Magwaro

matsvene—Magwaro

matsvene anofanira

kuchengetedzwa.

6 Zvakadaro, handinyore chinhu pamahwendefa kunze kwekunge ndichifunga kuti ^achinoyera. Uye zvino, kana ndikakanganisa, kana vakare vaikanganisa; kwete kuti ndinotsvaka kuzvinatsa pamusoro pevamwe, asi nenzira ^byekusasimba kuri mandiri, maererano nenyama, ndingazvinatse.

7 Nokuti zvinhu zvinotariswa nevamwe vanhu sezvinhu zvinokosha zvikuru, zvose kumuviri nekumweya, vamwe ^avanzvizvidza vozvitsika pasi netsoka dzavo. Hongu, kana Mwari chaivo valsraeri vanhu ^bvano vatsikirira pasi petsoka dzavo; ndinoti, kutsikirira pasi petsoka dzavo asi ndikataura nemamwe mazwi—vanovaita chinhu chisina maturo, uye havateerere kuzwi rake rokuraira.

8 Uye tarisai ^avanouya, maererano nemazwi engirozi, mumazana ^bmatanhatu emakore kubva panguva baba vangu yavakasiya Jerusarema.

9 Uye nyika, nenzira yekuipa kwavo, vachavati chinhu chisina maturo; nokudaro vanomuranga, uye vanozvibvumira;

uye vanomurova, uye vanozvibvumira. Hongu, ^avanovasvipira, uye vanozvibvumira, nenzira yerudo rwetsitsi dzavo nemwoyo murefu wavo kuvana vevanhu.

10 Uye ^aMwari vamadzibaba edu, avo ^bvakatungamirwa kubuda munyika yeEgipita, kubva muusungwa, uye vakachengetwa navo murenje, hongu, ^cMwari vaAbrahama, uye valsaka, naMwari vaJakobo, ^dvozvipira, maererano nemazwi engirozi, semunhu, mumako evanhu vakaipa, kuti ^evagosimudzwa, maererano nemazwi ^faZenoki, uye ^gvagoroverwa, maererano nemazwi aNiamu, uye vagovigwa ^hmbuwiro, maererano nemazwi ⁱaZenosi, aakataura pamusoro pemazuva matatu ^jerima, richapiwa sechiratidzo chekufa kwavo kune avo vanenge vari vagari vemuzvitsuwa zvegungwa, kunyanya zvichapiwa kune avo ^kvemba yaIsraeri.

11 Nokuti ndiko kutaura kwakaita muporofita: Ishe Mwari chokwadi ^avachashanyira vose vemba yaIsraeri pazuva iroso,

6a Ona peji yeMusoro wenywa weBhukuraMormoni.

NKM Mutsvene.
b Morm. 8:13–17;
Eta 12:23–28.

7a 2 Ni. 33:2; Jak. 4:14.
b NKM Hupanduki.

8a NKM Jesu Kristu—Zviporofita nezvekuzvarwa uye nerufu rwajesu Kristu.

b 1 Ni. 10:4; 2 Ni. 25:19.
9a Isa. 50:5–6;
Mat. 27:30.

10a 2 Ni. 26:12;
Mosaya 7:27;
27:30–31;
Aruma 11:38–39;
3 Ni. 11:14–15.

b Eks. 3:2–10; 6:6;
1 Ni. 5:15; D&Z 136:22.

c Gen. 32:9;
Mosaya 7:19;
D&Z 136:21.
NKM Jehova.

d NKM Dzikinura.
e 3 Ni. 27:14.

f Aruma 33:15; 34:7;
Hir. 8:19–20;
3 Ni. 10:15–16.

NKM Magwaro Matsvene—Magwaro Matsvene akarasika; Zenoki.

g 2 Ni. 6:9; Mosaya 3:9.
NKM Kuroverwa.

h Mat. 27:60; Ruka 23:53;
2 Ni. 25:13.

i Jak. 6:1; Hir. 15:11.
NKM Zenosi.

j 1 Ni. 12:4–5;
Hir. 14:20, 27;
3 Ni. 8:3, 19–23; 10:9.

k 3 Ni. 16:1–4.
11a 3 Ni. 9:1–22;
D&Z 5:16.

vamwe nezwi ravo, nokuda kweurarami hwavo, mukufara kwavo kukuru neruponeso, uye vamwe ^bnekutinhira nemabhanan'ana esimba ravo, nedutu remhepo, nemoto, neutsi, nekunyangarika ^ckwerima, nekuzuruka ^dkwevhu, ^enemakomo achatakurwa mudenga.

12 Uye ^azvole zvinhu izvi zvechokwadi zvichauya, anotaura muporofita ^bZenosi. Uye ^cmatombo enyika akafanira kutsemuka; nenzira yekugomera kwepasi, vazhinji vemadzimambo ezvitsuwa zvegungwa vachatunhwa neMweya waMwari, vagodaidzira: Mwari venyika vatambudzika.

13 Uye kune avo vari kuJerusarema, muporofita anoti, ^avacharangwa nevanhu vole, nokuti ^bvanorovera Mwari valsraeri, uye vachiisa mwoyo yavo rutivi, vachiramba zviratidzo neminana, nesimba nembiri yaMwari valsraeri.

14 Uye nenzira yokuti vanote-deutsira mwoyo yavo rutivi, anotaura muporofita, uye ^avakashora Mutsvene walsraeri, vachakwetaira munyama, voparara, uye vole ^bchitukiso ^cno-kurehwa, uye vagovengwa mukati memarudzi ose.

15 Zvakadaro, kana zuva iroro rasvika, anodaro muporofita, zvekuti vanenge ^avasisaite kuti mwoyo yavo ivenge Mutsvene walsraeri, ndipo pavachazoyeuka ^bzvibvumirano zvakaita kumadzibaba avo.

16 Hongu, ndipo paachayeuka ^azvitsuwa zvegungwa; hongu, nevose vanhu avo vemba yaIsraeri, ^bndichavaunganidza, vanodaro Ishe, maererano nemazwi emuporofita Zenosi, kubva mumativi mana epasi.

17 Hongu, uye pasi pose ^apachaona ruponeso rwaIshe, anodaro muporofita; rwose rudzi, hama, ndimi nevanhu vacharopafadzwa.

18 Uye ini Nifai, ndakanyora zvinhu izvi kuvanhu vekwangu, kuti zvimwe ndingavanyengetedze kuti vayeuke Ishe Mununuri vavo.

19 Nokudaro, ndinotaure kune vole vemba yaIsraeri, kuti zvimwe vangawane zvinhu ^aizvi.

20 Nokuti tarisai, ndine mabasa emumweya, anondinetesa zvekuti nhengo dzemuviri wangu dzose hadzina simba, mukunzwira kwangu avo vari Jerusarema; nokuti dai Ishe vakanga asina kuita tsitsi, dzekundiratidza pamusoro pavo,

11b Hir. 14:20–27;
3 Ni. 8:5–23.
c Ruka 23:44–45;
3 Ni. 8:19–20.
d 2 Ni. 26:5.
e 3 Ni. 8:10.
12a Hir. 14:20–28.
b Jak. 5:1.
c Mat. 27:51.
13a Ruka 23:27–30.

b 2 Ni. 10:3.
14a Isa. 53:3–6;
Mosaya 14:3–6.
b NKM majuda.
c Deut. 28:37;
I Madz. 9:7;
3 Ni. 16:9.
15a 1 Ni. 22:11–12.
b NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

16a 1 Ni. 22:4;
2 Ni. 10:21.
b Isa. 49:20–22.
NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.
17a Isa. 40:4–5.
19a Eno. 1:16;
Morm. 5:12; 7:9–10.

sezvavaiita kumaporofita vakare, ndingadai ndakafawo.

21 Uye chokwadi vakaratidza “kumaporofita vakare zvinhu zvose ^bpamusoro pavo; uye vakaratidzawo vazhinji pamusoro pedu; nokudaro, takafanira kuziva nezvavo nokuti zvakanyorwa pamahwendefa endarira.

22 Zvino zvakaitika kuti ini Nifai, ndakadzidzisa vakoma vangu zvinhu izvi; uye zvakaitika kuti ndakavaverengera zvinhu zvizhinji, zvakanga zvakanyorwa “pamahwendefa endarira, kuti vazive nezvekuita kwaIshe kune dzimwe nyika, pakati pevanhu vakare.

23 Uye ndakavaverengera zvinhu zvizhinji zvakanyorwa “mumabhuku aMosesi, asi kuti zvimwe ndivanyengetedze zvakakwana kuti vatende munaIshe Mununuri vavo ndakavaverengera izvo zvakanyorwa nemuporofita ^bIsaya; nokuti “ndakafananidza magwaro matsvene ose kwatiri, kuti ^dzvityamure nekuti tidzidze.

24 Nokudaro ndakataura kwavari ndichiti: Inzwai imi mazwi emuporofita, imi muri vakasara vemba yaIsraeri, “bazi rakatyoka rikava paro rega; inzwai imi mazwi emuporofita, ayo akanyorerwa kuna vose vemba yaIsraeri, mugoafananidza

nemi, kuti mugove netariro nehama dzenyuwo dzinove ndipo pamakapazuka muchibva; nokuti ndiyo tsika yazvakanyorwa nayo nemuporofita.

CHITSAUKO 20

Ishe vanoratidza zvavanoda kuita kuna Israeri—Israeri akasarudzwa muchoto chematambudziko uye achaenda achibva muBabironi—Enzanisai naIsaya 48. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

TEERERAI munzwe izvi, imi vemba yaJakobo, munodaidzwa nezita raIsraeri, uye mauya kubva mumakungwa aJuda, kana mabuda mumvura “yerubhabhatidzo, munopika nezita raIshe, uye muchitaura nezvaMwari vaIsraeri, asi vasingapike muchokwadi kana mukururama.

2 Zvakadaro, vanozvidaidza kuti ndeveguta “dzvene, asi havaite kuti ^bvagare vari munaMwari vaIsraeri, avo vanove ndivo Mwari veMauto; hongu, Mwari veMauto ndiro zita ravo.

3 Tarisai, ndakazvitaura zvinhu “izvi kubvira pakutanga; uye zvakabuda zvichibva mumuro-mo wangu, uye ndikavaratidza. Ndikaerekana ndavaratidza.

21a II Madz. 17:13;
Amosi 3:7.
NKM Muporofita.

^b 3 Ni. 10:16–17.

22a 1 Ni. 22:1.

23a Eks. 17:14; 1 Ni. 5:11;
Mos. 1:40–41.

^b 1 Ni. 15:20;

2 Ni. 25:4–6;

3 Ni. 23:1.

^c NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

^d 2 Ni. 4:15.

24a Gen. 49:22–26;

1 Ni. 15:12;

2 Ni. 3:4–5.

20 1a NKM Bhabhatidza.

2a Isa. 52:1.

NKM Jerusalem.

^b NEMAMWE MAZWI kuvimba.

3a Isa. 46:9–10.

4 Uye ndakazviita nokuti ndaiziva kuti “iwe une nharo, uye mutsipa wako irunda resimbi, uye mhanza yako indarira;

5 Uye kana kubvira pakutanga ndakataura kwauri; zvisati zvaitika ndakakuratidza kwavari; uye ndakavaratidza pamusana pekutya kuti pamwe waizoti — “Chimufananidzo changu ndicho chazviita, uye mufanidzo wangu wakavezwa, uye mufananidzo wangu wakaumbwa ndiwo wataura.

6 Waona ukanzwa zvose izvi; uye hamuzvitaure here? Uye nokuti ndakuratidza zvinhu zvitsva kubvira panguva ino, kana zvinhu zvakavanda, uye iwe wange usingazvize.

7 Zvakasikwa iye zvino, uye kwete kubvira pakutanga, kana muzuva rawakange usati wazvinzwa zvakange zvatotaurwa kwauri kare, pamwe ungazoti—Tarisai ndaizvize.

8 Hongu, uye hauna kunzwa; hongu, hawai ziva; hongu, kubvira panguva iyo nzeve dzako hadzina kuvhurwa; nokuti ndaiziva kuti waizoita nekunyengetedza kukuru, uye wakadaidzwa kunzi “mutadzi kubva uri munhumbu.

9 Zvisinei pamusana “pezita rangu ndinombomisa kushatirwa kwangu, uye pamusoro pekurumbidzwa kwangu ndo-

mbobva kwauri, kuti ndisazokudimbura.

10 Nokuti tarisai, ndakakunatsa, ndakakusarudza muchoto chemoto “wedambudziko.

11 Kuzviitira ini, hongu, nenzira yangu ini ndichazviita izvi, nokuti handizobvumira “zita rangu kuti risvibiswe, uye ^bhandizopa mbiri yangu kune mumwe.

12 Teerera kwandiri Jakobo, newe Israeri wakadaidzwa wangu, nokuti ndini iye; ndini “wekutanga, uye ndiniwo wekupedzisira.

13 Ruoko rwangu ndirwowo “rwakaisa hwaro hwepasi, uye ruoko rwangu rwerudyi ndirwo rwakasika matenga. Ndinozvaidaidza uye zvichimira pamwechete.

14 Mose imi unganai pachenyu, uye munzwe; ndiani pakati pavo akataura zvinhu izvi kwavari? Ishe akamuda; hongu, “achazadzikisa shoko rake raakataura nekwavari; uye achaita zvinomufadza ^bneBabironi, uye ruoko rwake rwuchauya pamusoro pemaKardea.

15 Zvekare Ishe vanoti; ini Ishe, hongu, ndakataura; hongu, ndikamudaidza kuti ataure, ndakamuunza, uye achaita nzira yake ibudirire.

16 Uyai imi pedyo neni; handina kutaura “muruvande;

4a NEMAMWE MAZWI
Israeri.

5a NKM Kunamata
Zvifananidzo.

8a Mpi. 58:3.

9a I Sam. 12:22;

Mpi. 23:3;

I Joh. 2:12.

10a NKM Matambudziko.

11a Jer. 44:26.

^b Isa. 42:8;

Mos. 4:1–4.

12a Zvaka. 1:17; 22:13.

NKM Arfa naOmega;

Dangwe.

13a Mpi. 102:25.

NKM Sika.

14a I Madz. 8:56;

D&Z 64:31; 76:3.

^b NKM Baberi, Babironi.

16a Isa. 45:19.

kubvira pakutanga, kubvira panguva yazvakataurwa pachena ndakataura; uye Ishe Mwari, neMweya wavo, vakatuma ini.

17 Uye ndiko kutaura kwaIshe, “Mununuri wenyu, Mutsvene waIsraeri; Ndavatuma, Ishe Mwari venyu vanokudzidzisai kuwana, ^bvanokutungamirirai nemunzira yamakafanira kueda nayo, vazviita.

18 Dai makateerera “mirairo yangu—zvino runyararo rwenyu rwungadai rwakaita serwizi, uye kururama kwenyu kwakaita semasaisai egungwa.

19 “Mbeu yenyuwo ingadai yakaita sejecha; zvizvarwa zveura hwenyu setsanza; zita rake haraifanira kunge rakabviswa kana kuparadzwa kubva pamberi pangu.

20 “Endai imi veBabironi, tizai kubva kumaKardea, nezwi rekuimba daidzirai, taurai izvi, taurai kusvika kumuganhu wenyika; itii: Ishe vanunura ^bmuranda wavo Jakobo.

21 Uye havana kunzwa “nyota; vakavatungamirira mugwenga; vakavaitira kuti mvura iyerere ichibva ^bmudombo; vakatsemurawo dombo uye mvura dzikadhuhuka.

22 Uye kana dai zvazvo vakaita zvose izvi, nezvimwe zviku ruwo kupfuura izvi, hakuna “runyararo, vanodaro Ishe, kune vakaipa.

CHITSAUKO 21

Mesia achave mwenje kuvaJentairi uye achasunungura vasungwa—Israeri ichaunganidzwa nesimba mumazuva ekupedzisira—Madzimumbo ndivo vachave madzibaba ekuvarera—Enzanisai naIsaya 49. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE Zvakare: Inzwai imi vemba yaIsraeri, mose imi makabva mukatandirwa kunze nenzira yekuipa kwevafudzi vevanhu vangu; hongu, mose imi makabva, makapararira muri vanhu vekwangu, imba yaIsraeri. Teererai imi “zvitsuwa kwandiri, uye inzwai imi vanhu vanobva ^bkure; Ishe vakandidaidza ndiri munhumbu; ndiri muura hwamai vangu vakataura zita rangu.

2 Uye vakaita muromo wangu kuti uve wakapinza semunondo; vakandiviga mumumvuri weruoko rwavo, uye vakandiita museve wakakwenenzverwa, vakandiviga munhava yavo.

3 Uye vakati kwandiri: Iwe uri “muranda wangu, Israeri, mandichakudzwa zvikuru.

4 Zvino ndakati, ndakashandira pasina, ndakaparadza simba rangu zvisina maturo uye pasina; chokwadi kutongwa kwangu kuna Ishe, uye basa rangu rina Mwari wangu.

17a NKM Mununuri.

^b NKM Kutunhwa;

Zvakazarurwa.

18a Mpa. 8:5.

19a Gen. 22:15–19;

Hos. 1:10.

20a Jer. 51:6;

D&Z 133:5–14.

^b Isa. 44:1–2, 21.

21a Isa. 41:17–20.

^b Eks. 17:6;

Num. 20:11;

1 Ni. 17:29;

2 Ni. 25:20.

22a NKM Runyararo.

21 1a 1 Ni. 22:4;

2 Ni. 10:20–22.

^b D&Z 1:1.

3a Zvaka. 25:55;

Isa. 41:8;

D&Z 93:45–46.

5 Uye zvino, Ishe vanodaro—avo “vakandiumba kubva munhumbu kuti ndive muranda wavo, kuti ndiunze Jakobo zvakare kwavari—kana dai Israeri isina kuungana, kana dai zvakadaro ndichakudzwa mumaziso malshe, uye Mwari vangu vachave simba rangu.

6 Uye vakati: Chinhu chiri nyore kwazvo kuti uve muranda wangu kuti umutse “marudzi aJakobo, nokudzorera pakare avo vakachengetedzwa vaIsraeri. Ndichakupawo ^bsemwenje ‘kumaJentairi, kuti uve ruponeso rwangu kusvika kwakaperera pasi.

7 Ndizvo zvinotaurwa naIshe, Mununuri waIsraeri, Mutsvene, kuna ivo vanoshorwa nevanhu, kuna ivo vasingadiwe nemarudzi, kune muranda vevatongi: Madzimambo achaona agosimuka, machinda naivowo vachanamata, nenzira yaIshe vane rutendo.

8 Ndizvo zvinotaurwa naIshe: Munguva yakafanira ndakakunzwai, zvitsuwa zvegungwa, uye muzuva reruponeso ndakakuyamurai; uye ndichachengetedzai, uye ndigokupai muranda “wangu sechibvumirano chevanhu, kusimbisa pasi, kuita kuti nenhaka dzange dzisina kugarwa dzigarwe;

9 Kuti mungazoti “kuvasungwa: Endai; kune avo vagere ^bmurima: Zviratidzei. Vachadya mudzinzira, uye ‘mafuro avo achave munzvimbo dzose dzakatunhumara.

10 Havachazonzwa nzara kana nyota, kana kupisa kana zuva hazvingavanetse, nokuti ane tsitsi navo achavatungamirira, nekuzvisipiti zvemvura achavaratidza.

11 Uye ndichaita makomangu ose ave nzira, uye “migwagwa yangu ichasimudzirwa.

12 Uye zvino imba yaIsraeri, tarisai, “ava vachabva kure; uye ona, ava vachabva kuchamhembe nekumadokero; ava vachabva munyika yaSinimi.

13 “Imbai Matenga; uye muve nemufaro, iwe nyika; nokuti tsoka dzeavo vari kumabvazuva dzichamiswa; uye mugotanga kuimba, imi makomo; nokuti haachazorohwa; nokuti Ishe vanyaradza vanhu vavo, uye anozove netsitsi kune avo vanotambudzika.

14 Asi tarisai, Zioni yakati: Ishe vandirasa, uye Ishe vangu vandikanganwa—asi vacharatidza kuti havana.

15 Ko “mudzimai angakanganwe here mwana wake ari kuyamwa, kuti atadze kunzwira nyasha mwanakomana weura hwake? Hongu, ^bvangakanga-

5a Isa. 44:24.

6a NKM Israeri—
Marudzi gumi
nemaviri elsaeri.

b D&Z 103:8–10;
Abr. 2:10–11.

c 3 Ni. 21:11.

8a 2 Ni. 3:6–15;

3 Ni. 21:8–11;

Morm. 8:16, 25.

9a NKM Ruponeso
rweVakafa.

b 2 Ni. 3:5.

c Ezk. 34:14.

11a Isa. 62:10;
D&Z 133:23–32.

12a Isa. 43:5–6.

13a Isa. 44:23.

15a NKM Mukadzi.

b Isa. 41:17;
Aruma 46:8;
D&Z 61:36.

nwe, asi ini handizokukanga-nwa, imba yaIsraeri.

16 Tarisai, ndakakunyora “pazvanza zvemaoko angu; tsvingo dzako dziri mberi kwangu nguva dzose.

17 Vana vako vachakurumidza kurwisa mharadzi dzako; neavo “vakakuparadza vachabva kwauri.

18 Simudza meso ako utarise-tarise uye uone; vose ava “vanoungana pamwechete, uye vachauya kwauri. Uye sezvo ndichirarama, vanodaro Ishe, uchazvifukidza chokwadi navo vose, sechishongo, uye wovasungirira pauri semwenga.

19 Nokuti nzvimbo dzako dzakaipa nedzakanga dzisina aigara, nenyika yawakaparadza, iye zvino dzichave dzakamanika nenzira yevageremo; nevakakumedza vanenge vave kure.

20 Vana vaunenge waita, mushure mekunge warasikirwa nevekutanga, vachati zvakare munzeve dzako: Nzvimbo ino “yakamanikana kwandiri; ndipei nzvimbo ini yekuti ndigare.

21 Zvino “iwe uchatu nemumwoyo mako: Ndiani akandiberekera izvi, munoona kuti ndakarasikirwa nevana vangu, uye ^bhandina chandiinacho, ndiri nhapwa, uye ndinogoti ndaenda ndadzoka? Uye ndiani

akaunza izvi? Tarisai, ndakasi- iwa ndegga, ava, vanga varipi?

22 Ndizvo zvinotaurwa naIshe: Tarisai, ndichasimudzira ruoko rwangu ^akumaJentairi, uye ndigomisa ^brupawo rwangu kuvanhu; uye vachauya nevanakomana vako ^cmumaoko avo, uye vanasikana vako vachatakurwa pamapfudzi avo.

23 Uye “madzimambo achave madzibaba ^bekukurera, uye madzimambokadzi avo ndivo madzimai ekukurera; vachakotama kwamuri nezviso zvavo zvakatarisa pasi, uye vagonanzva guruva retsoka dzenyu; uye iwe uchaziva kuti ndini Ishe; nokuti havazonyara avo ^cvanondimirira.

24 Nokuti zvapambwa zvingabvutirwe vanotyisa here, kana kuti nhapwa “dzepamurau dzingasunungurwa here?

25 Asi ndizvo zvinotaura Ishe, kana nhapwa dzevanotyisa dzichatorwa, uye nyama yevakaipa ichasunungurwa; nokuti ndicharwisana naye anorwisana newe, uye ndichaponesa vana vako.

26 Uye avo vanokudzvinyirira “ndichavadyisa nyama yavo; vachararadza neropa ravo sekunge vanwa waini; uye yose nyama ^bichaziva kuti ini Ishe, ndini Muponesi wako neMununuri wako, ^cAnotyisa waJakobo.

16a Zek. 13:6.

17a 3 Ni. 21:12–20.

18a Mika 4:11–13.

20a KANA chakabata
kana chakamanikira.

21a NEMAMWE MAZWI
Zioni.

^b Isa. 54:1; VaG. 4:27.

22a Isa. 66:18–20.

^b Isa. 11:12; 18:3.

^c 1 Ni. 22:8;

2 Ni. 10:8–9.

23a Isa. 60:16.

^b 1 Ni. 22:6.

^c 2 Ni. 6:13;

D&Z 98:2;

133:10–11, 45.

24a 1 Ni. 21:25.

26a 1 Ni. 22:13–14.

^b Mosaya 11:22.

^c NKM Jehova.

CHITSAUKO 22

Israeri ichapararira nepasi pose—MaJentairi vacharera nokuriritira Israeri nevhangeri mumazuva ekupedzisira—Israeri achaunganidzwa agoponeswa, uye vakaipa vachatsva semashanga—Uma-mbo hwadhiabhorosi huchaparadzwa, uye Satani achasungwa. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvinu zvakaitika kuti mushure mekunge ini Nifai, ndaverenga zvinhu izvi zvakan-ga zvakanyorwa “pamahwenda-ndefa endarira, hama dzangu dzakauya kwandiri uye dzikati kwandiri: Zvinhu zvavavere-nga izvi zvinorevei? Tarisai, zvinonzwikwa sezvinhu zviri maererano nemweya here, zvichazoonekwa maererano nemweya uye kwete kunyama?

2 Uye ini Nifai, ndakati kwavari: Tarisai “zvakaishwa pachena kumuporofita nezwi reMweya; nokuti ^bneMweya zvose zvinhu zvinoziviswa ‘kumaporofita, zvichazoitika kuvana vevanhu maererano nezvenyama.

3 Nokudaro, zvinhu zvandave-rena zvinhu zvirimaererano “nezvenyama uye nezvemweya; nokuti zvinoratidzika kuti imba yaIsraeri, mushure mechinguva,

^bichapararira pasi pose, nemumarudzi ose.

4 Uye tarisai, kune vazhinji vakatorasika vasisazivikanwe neavo vari Jerusarema. Hongu, rwuzhinji “rwemarudzi rwakatorwa ^brwukaendwa narwo; uye vakapararira kwose-kwose ‘muzvitsuwa zvegungwa; uye kuti varipi hakuna mumwe wedu anoziva, kunze kwekuti tinoziva kuti vakatorwa vakaendwa navo.

5 Uye kubvira nguva yavakatorwa, zvinhu izvi zvange zvichingunoporofitwa pamusoro pavo, nemaereranowo neavo vose vachaparadzirwa uye vagovhiringwa, nenzira yeMutsvene waIsraeri; nokuti vachamesa mwoyo yavo nekusamuda; nokudaro vachaparadzirwa mumarudzi ose uye “vagove-nga nevanhu vose.

6 Zvakadaro, mushure mekunge “varerwa ^bnemaJentairi, uye Ishe vasimudzira ruoko rwavo maJentairi avamisa serupawo, uye ‘vana vavo vatakurwa mu-maoko avo, uye vanasikana vavo vatakurwa pamapfudzi avo, tarisai zvinhu zviri kutaurwa izvi ndezvenyama; nokuti ndizvo zvakaaita zvibvumirano zvaIshe nemadzibaba edu; uye zvinoreva isu mumazuva ari kuuya, nehama dzedu dzose dziri dzemba yaIsraeri.

7 Uye zvinoreva kuti nguva

22 1a 1 Ni. 19:22; 2 Ni. 4:2.

2a II Pet. 1:19–21.

^b NKM Mweya Mutsvene.

^c NKM Huporofita.

3a D&Z 29:31–34.

^b 1 Ni. 10:12–14;

2 Ni. 25:14–16.

NKM Israeri—
Kupararira kwa
Israeri.

4a NKM Israeri—

Marudzi gumi
akarasika aIsraeri.

^b 2 Ni. 10:22.

^c 1 Ni. 21:1;
2 Ni. 10:8, 20.

5a 1 Ni. 19:14.

6a 1 Ni. 21:23.

^b NKM Majentairi.

^c 1 Ni. 15:13.

ichasvika yekuti mushure imba yose yaIsraeri yaparadzirwa uye yavhiringwa, kuti Ishe Mwari vachamisa rudzi rwukuru pakati “pemaJentairi, hongu, kana pamusoro penyika ino; naivo mbeu yedu ^bichaparadzirwa.

8 Uye mushure mekuperadzirwa kwembeu yedu Ishe Mwari vachaita rimwe basa “rinoshamisa kwazvo pakati ^bpemaJentairi, richave ^crinokosha kwazvo kumbeu yedu; nokudaro, zvinofananzidzwa nokuriritirwa nemaJentairi nokunge vakatakurwa mumaoko avo nepamapfudzi avo.

9 Uye richave “rinokoshawo kumaJentairi; uye kwete kumaJentairi chete asi ^bnekumba yose yaIsraeri, nemukuziviswa ^ckwezvibvumirano zvakababa vedenga kuna Abrahamama, zvichinzi: “Mumbeu yako ose marudzi epasi ^cacharopafadzwa.

10 Uye ndingade, hama dzangu, kuti muzive kuti ose marudzi epasi haangaropafadzwe kunze kwekunge “aratidza simba ravo mumaziso emarudzi.

11 Nokudaro, Ishe Mwari vacharatidza simba ravo mumaziso emarudzi ose, mukuunza

zvibvumirano zvavo nevhangeri ravo kune avo vemba yaIsraeri.

12 Nokudaro, achavaburitsa zvakare muutapwa, uye “vachauanganidzwa pamwechete munyika dzenhaka yavo; uye vachaburitswa mukudzikaitirwa uye ^bmurima; uye vachaziva kuti ^cIshe ndivo “Muponesi wavo neMununuri wavo, ^cAne-simba weIsraeri.

13 Uye ropa rechechi iya huru “inonyangadza, rinove ndiro pfambi repasi pose, richavapindukira pamusoro pavo; nokuti ^bvacharwisana pakati pavo, uye munondo uri ^cmumaoko uchawira pamusoro pavo, uye vacharadzwa neropa ravo.

14 Uye rwose “rudzi rwucharwisana newe, iwe imba yaIsraeri, vachapindukirana pachavo, uye ^bvachawira mugumba ravachera kuteya vanhu vaIshe. Uye vose avo ^cvanorwisana neZioni vachaparadzwa, nepfambi guru riya, rakaipisa nzira dzalshe, hongu, chechi iya huru inonyangadza, richawira pasi ^dmuguruva uye kuwa kwaro kuchave kukuru.

15 Nokuti tarisai, anodaro

7a 3 Ni. 20:27.

b 1 Ni. 13:12–14;
2 Ni. 1:11.

8a Isa. 29:14;

1 Ni. 14:7;
2 Ni. 27:26.

NKM Kudzorera
pakare kweVhangeri.

b 2 Ni. 10:10–11;
3 Ni. 16:4–7;
Morm. 5:19.

c 1 Ni. 15:13–18;

3 Ni. 5:21–26; 21:7.

9a 1 Ni. 14:1–5.

b 2 Ni. 29:13–14;

2 Ni. 30:1–7.

c Deut. 4:31.

d NKM Chibvumirano
chaAbrahamama.

e Gen. 12:2–3;
3 Ni. 20:27;
Abr. 2:9–11.

10a Isa. 52:10.

12a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

b NKM Rima,
zveMweya.

c 2 Ni. 6:10–11.

d NKM Muponesi.

e NKM Jehova.

13a NKM Dhiabhorosi—
Chechi
radhiabhorosi.

b 1 Ni. 14:3, 15–17.

c 1 Ni. 21:26.

14a Ruka 21:10.

b Isa. 60:12;

1 Ni. 14:3;

D&Z 109:25.

c 2 Ni. 10:13; 27:3.

d Isa. 25:12.

muporofita, nguva iri kuuya nokukurumidza yokuti Satani haachazove nesimba mumwoyo yevana vevanhu; nokuti zuva riri kusvika iye zvino rekuti vose vanodada neavo vanoita zvakaipa vachave “semashanga; uye zuva riri kusvika rekuti ^bvapiswe.

16 Nokuti nguva iri kusvika zvino zvino yekuti kuzara “kwehasha dzaMwari kuchadiriwa pane vose vana vevanhu; nokuti havazobvumira kuti vakaipa vaparadze vakarurama.

17 Nokudaro, “vachachengezedza ^bvakarurama nesimbavavo, kana dai zvazvo kuzara kwehasha dzavo kukauya, vakarurama vachengetedzwe, kana dai vavengi vavo vachiparadzwa nemoto. Nokudaro, vakarurama havafanire kutya; nokuti ndiko kutaura kwemuporofita, vachaponeswa, kana dai ungave moto.

18 Tarisai hama dzangu, ndinoti kwamuri, zvinhu izvi zvinofanira kuitika muchinguva chiri kuuya zvino zvino, hongu, kana ropa, nemoto, nemweya weutsi zvakafanira kuuya; uye zvakafanira kunge zviripamusoro penyika ino; uye zvinouya kuvanhu maererano nenyama kana zvaitika kuti vaomesa mwoyo yavo kuMutsvene waIsraeri.

19 Nokuti tarisai, vakarurama havazofi; nokuti nguva chokwadi yakafanira kusvika yekuti avo vose vanorwisana neZioni vachadimurwa.

20 Uye Ishe chokwadi vachagadzirira vanhu vavo nzira, mukuzadzikisa kwemazwi aMosesi, aakataura, achiti: Ishe Mwari venyu vachakumutsirai “muporofita, sezvandakaita ini; iyeyo ndiye amuchanzwa muzvinhu zvose zvaachataura kwamuri. Uye zvichaitika kuti vose avo vacharamba kunzwa muporofita iyeyo ^bvachabviswa kubva muvanhu.

21 Uye zvino ini Nifai, ndinotaura kwamuri, kuti “muporofita uyu akataurwa nezvake naMosesi aive Mutsvene waIsraeri; nokudaro, ^bachatonga mukururama.

22 Uye vakarurama havafanire kutya, nokuti ndivo vaye vasingavhiringwe. Asi umambo hwadhiabhorosi, huchavakwa mukati mevana vevanhu, huri umambo hwakaiswa pakati pavo avo venyama—

23 Nokuti nguva ichasvika nokukurumidza yekuti dzose “chechi dzakavakirwa kuwana, uye dzose idzo dzakavakirwa kuwana simba renyama, neidzo dzose dzakavakirwa kuita ^bmbiri mumaziso enyika, neidzo dzinotsvaka kufadza nyama

15a Isa. 5:23–24;

Nah. 1:10;

Mara. 4:1;

2 Ni. 15:24; 26:4–6;

D&Z 64:23–24; 133:64.

^b Mpi. 21:9;

3 Ni. 25:1;

D&Z 29:9.

NKM Pasi—Kusukwa
kwapasi pano.

16a 1 Ni. 14:17.

17a 2 Ni. 30:10; Mos. 7:61.

^b 1 Ni. 17:33–40.

20a Joh. 4:19; 7:40.

^b D&Z 133:63.

21a Deut. 18:15, 18;

Mabasa 3:20–23;

1 Ni. 10:4; 3 Ni. 20:23.

^b Mpi. 98:9; Mos. 6:57.

23a 1 Ni. 14:10;

2 Ni. 26:20.

NKM Unyengeri

hwehupirisita.

^b Ruka 6:26; Aruma 1:3.

nezvinhu zvenyika, nokuita zvakasiyana-siyana zvakaipa; hongu, muchidimbu, avo vose vemuumambo hwadhiabhohosi ndivo vanofanira kutya, uye vadedere, uye ‘vandenge-ndeke; ndivo vaya vachadziki-swa muguruva; ndivo vaya ‘vachatsva semashanga; uye izvi zviriri maererano nemazwi emuporofita.

24 Uye nguva iri kuuya nokukurumidza yekuti vakarurama vatungamirwe “semhuru dziri kuiswa mudanga, uye Mutsvene waIsraeri agotonga nyika, nesimba, nokubwinya kukuru.

25 Uye “anounganidza vana vake kubva kumativi mana ose enyika; uye anoverenga hwai dzake, uye dzinomuziva; uye kuchave nedanga rimwechete ^bnemufudzi mumwechete; uye achafudza hwai dzake, uye maari dzichawana ‘mafuro.

26 Uye nenzira yekururama kwevanhu vake, “Satani haana simba; nokudaro, haangapfutunurwe kwemakore ^bakawanda; nokuti haana simba mumwoyo yevanhu, nokuti vagere

mukururama, uye Mutsvene waIsraeri ‘anotonga.

27 Uye zvino tarisai, ini Nifai, ndinoti kwamuri zvose zvinhu izvi zvakafanira kuuya maererano nezvenyama.

28 Asi tarisai, nyika dzose, marudzi, ndimi, navanhu vachagara zvakanaka muMutsvene waIsraeri kana zvaitika kuti “vatendeuka.

29 Uye zvino ini Nifai, ndinopedza; nokuti handifanire kupfuura zvandataura kwazvino maererano nezvinhu izvi.

30 Nokudaro hama dzangu, ndingade kuti muzive kuti zvinhu zvakanyorwa “pamahwendefa endarira ndezvechokwadi; uye zvinopupura kuti munhu akafanira kuteerera mirau yaMwari.

31 Nokudaro, hamufanire kufunga kuti ini nababa vangu ndisu chete tazvipupura, neku-zvidzidzisa. Nokudaro, kana mukave munoteerera “mirairo, uye mugoshingirira kusvika kumagumo, muchaponeswa muzuva rekupedzisira. Uye ndizvo zvazviri. Amen.

23c 2 Ni. 28:19.

d 2 Ni. 26:6.

24a Amosi 6:4;

Mara. 4:2;

3 Ni. 25:2.

25a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

b NKM Mufudzi

Akanaka.

c Mpi. 23.

26a Zvaka. 20:2;

Aruma 48:17;

D&Z 43:31; 45:55;

88:110; 101:28.

NKM Dhiabhorosi.

b Jak. 5:76.

c NKM Mereniamu.

28a NKM Rutendeuko;

Regerera.

30a 2 Ni. 4:2.

31a Mat. 19:17.

NKM Mirairo

yaMwari.

BHUKU RECHIPIRI RANIFAI

Nthoroondo yokufa kwaRihai. Vakoma vaNifai vanomupandukira. Ishe vanoyambira Nifai kuti aende murenje. Nzenzo dzake murenje, nezvimwewo.

CHITSAUKO 1

Rihai anoporofita pamusoro penyika yorusununguko—Mbeu yake ichaparadzwa nokurangwa kana vachinge varamba Mutsvene waIsraeri—Anokurudzira vanakomana vake kuti vapfeke nguwo dzoutsvene. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti shure kwokunge ini Nifai, ndapedza kudzidzisa vakoma vangu, “baba vedu, Rihai, vakataurawo zvinhu zvakawanda kwavari, vakadzokorora kwavari, kuti Ishe vakanga vaita zvinhu zvikuru sei kwavari mukuvaburitsa munyika yeJerusarema.

2 Uye vakataura kwavari pamusoro “pokupanduka kwavo mumvura, netsitsi dzaMwari mukuvaponesa nekuti vasamedzwe mugungwa.

3 Uye vakataura kwavari zvakare pamusana penyika yechipikirwa, iyo yavakanga vawana—kutik Ishe vakanga vane tsitsi dzakaita sei pakutiya mbira kuti titize kubva kunyika yeJerusarema.

4 Nokuti tarisai, ndaona

“chiratidzo, chandiratidza kuti ^bJerusarema yaparadzwa; uye dai takaramba tiri kuJerusarema tingadai ‘takaparara.

5 Asi vakati, kana dai zvazvo takatambudzika, tawana “nyika yechipikirwa, nyika ^byakanaka kupfuura dzimwe nyika; nyika iyo Ishe Mwari vakabvumirana neni kuti ichazova nyika yembeu yangu. Hongu, Ishe ‘vakavimbisa nyika iyi kwandiri, nokuna vana vangu nokusingaperi, naavo vose vachatungamirirwa kubva kune dzimwe nyika noruoko rwalshe.

6 Saka ini Rihai, ndinoporofita nokushanda kweMweya uri mandiri, kuti “hapana kana mumwe achauya munyika ino kunze kwokunge aunzwa noruoko rwalshe.

7 Naizvozvo, “nyika ino yakagadzirirwa avo chete vavanounza. Uye kana vari vachamushandira nenzira yemitemo yavanovapa, ichazova nyika ^byerusununguko kwavari; naizvozvo, havachazoiswa zvakare muusungwa; nokuti zvikadaro, zvinenge zvakonzerwa nekutadza kwavo; nokuti kana kutadza kukawanda nenyika

[2 NIFAI]

1 1a NKM Patiriyaki.

2a 1 Ni. 18:9–20.

4a NKM Kuratidzwa (Chiratidzo).

b II Madz. 24:14–15;

Jer. 44:2; 1 Ni. 1:4;

Hir. 8:20.

c Aruma 9:22.

5a NKM Nyika yeChipikirwa.

b Eta 2:9–10.

c NKM Chibvumirano.

6a 2 Ni. 10:22.

7a Mosaya 29:32;

Aruma 46:10, 20.

b 2 Ni. 10:11.

NKM Rusununguko.

‘ichatukwa pamusana pavo, asi kuvatsvene icharopafadzwa nokusingaperi.

8 Uye tarisai, huchenjeri kuti nyika ino haifanire kuzivikana nedzimwe nyika; nokuti tarisai, vanhu venyika zhinji vachamhanyira kunyika ino, zvekuti hapazosara nzvimbo yenhaka.

9 Saka ini Rihai, ndakavimbiswa, kuti ^akana avo vose Ishe Mwari vavachaunza kubva kunyika yeJerusarema vachachengeta mirairo yake, ^bvachabudirira pauso hwenyika ino; vachazochengetwa kubva kune dzimwe nyika, kuti nyika ino ive yavo vega. Uye kana ‘vachachengeta mirairo yake vachakomborerwa pachiso chenyika ino, hapana achavanetsa, kana kutora nyika yenhaka yavo; vachagara pasina chavanotyana nokusingaperi.

10 Asi tarisai, kana nguva yasvika yokuti vave kuderera mukusatenda, shure kwokunge vagamuchira makomborero makuru akadai kubva kuna Ishe—vane ruzivo rwokusikwa kwenyika, navanhu vose, nokuziva mabasa anoshamisa makuru alshe kubva pakusikwa kwenyika; nokuva nesimba rakapiwa kwavari kuti vaite zvinhu zvose mukutenda; nokuva nemirairo yose kubva pakutanga, nokuuiswa muno nokunaka kwavo kusingaverengeke

munyika ino yechipikirwa—tarisai, ndinoti, kana zuva rikazosvika ravacharamba Uyo Mutsvene weIsraeri, “Mesia wechokwadi, Mununuri wavo naMwari wavo, tarisai, kutonga kwavo avo vasina tsvete kuchagara pavari.

11 Hongu, vachaunza “mamwe marudzi kwavari, uye vachapa simba kwavari, uye vachavatorera nyika nezvinhu zvavo, uye vachavaita kuti ^bvaparadzirwe nokubaiwa.

12 Hongu, kubva kunoita chizvarwa ichi kuchiyaya chimwe kuchave “nekudeuka kweropa, nokurangwa kukuru pakati pavo; naizvozvo, vanakomana vangu ndinoti dai mayeuka; hongu, uye makwanisa kuteerera mazwi angu.

13 Kuti mumuke; mumuke kubva pakurara kwakadzika, hongu, kana kumuka mukurara “kwomugehena, muzunze ^bngetani dzakakusungai, dziri idzo ngetani dzakasungwa vana vavanhu, dzinoita kuti vagozotakurwa muuranda kuendwa navo pasi ‘mugomba rekusingaperi rekusuwa nenhamo.

14 Mukai! musimuke kubva muguruva, munzwe izwi “romubereki ari kubvunda, ane mapfupa amucharadzika pasi ^bmuguva rinotonhora rinyerere, uko kusina anoendako akadzoka; mazuva mashomana uye ndoenda ‘nzira yepasi rose.

7c Aruma 45:10–14, 16;
Morm. 1:17; Eta 2:8–12.
9a 2 Ni. 4:4;
Aruma 9:13.
b Deut. 29:9.
c NKM Anoteerera.

10a NKM Mesia.
11a 1 Ni. 13:12–20;
Morm. 5:19–20.
b 1 Ni. 22:7.
12a Morm. 1:11–19; 4:11.
13a NKM Gehena.

b Aruma 12:9–11.
c 1 Ni. 15:28–30;
Hir. 3:29–30.
14a NKM Vabereki.
b NKM Rufu, rwenyama.
c Josh. 23:14.

15 Asi tarisai, Ishe “vadzikinura mweya wangu kubva mugehena; ndaona kubwinya kwavo, ndikakomberedzwa nokusingaperi ^bmumaoko avo ^corudo.

16 Uye ndinoda kuti muyeuke kuchengetedza “mitemo nekuranga kwaIshe; tarisai, ichi ndichochinhu change chichinetsa mwoyo wangu kubva pakutanga.

17 Mwoyo wangu wakatsitsirwa nokusuwa nguva nenguva, nokuti ndaitya, nenzira yokomesa mwoyo yenyu kuti Ishe Mwari yenyu vangauye “nokutsamwa kuzere kwamuri, ^bmukatsaurwa nokuparadzwa zvachose;

18 Kana, kuti kutukwa kungauye kwamuri kwezvizarwa “zvakaanda; uye mukashanyirwa nomunondo, nenzara, mukavengwa, mukatungamirirwa nokubatwa sokuda ^bkwa-dhiabhorosi.

19 Vanakomana vangu, dai zvinhu izvi zvarega kuuya kwamuri, asi kuti muve vakasarudzwa “nokudiwa savanhu vaIshe. Asi tarisai, kuda kwavo ngakuitwe; nokuti ^bnzira dzavo dzakarurama zvisingaperi.

20 Uye ivo vakati: “Kana mukachengeta ^bmirairo yangu ^cmuchabudirira panyika; asi kana

mukasachengeta mirairo yangu muchabviswa pamberi pangu.

21 Uye zvino kuti mweya wangu uwane rufaro mamuri, uye nokuti mwoyo wangu usiye nyika ino uchifara pamusoro penyau, kuti ndisaiswe muguva ndakasuwa, simukai kubva muguruva, vanakomana vangu, muve “varume, mushinge nepfungwa ^bimwechete nomwoyo mumwechete, makabatana pazvinhu zvose, kuti musaiswe pausungwa;

22 Kutu musatukwe nokotukwa kunorwadza; uye zvakare, kuti musaite zvinoita kuti Mwari “vakanaka vakushatirirwei, vakuparadzei, hongu, pakuparadzwa kwokusingaperi kwomweya nomuviri.

23 Mukai, vanakomana vangu; mupfeke “nguo dzoutsvene. Zunzai ngetani dzakakusungai, mubve pamusingaonekwe, uye musimuke kubva muguruva.

24 Musamukire zvakare munina wenyu, uyo ane pfungwa dzinobwinya, uye akachengeta mirairo kubvira panguva yatakasiya Jerusarema; anga achishandiswa ari mumaoko aMwari, mukutiunza munyika yechipikirwa; nokuti dai pakanga pasina iye, tingadai tose takafa “nenzara murenje;

15a Aruma 36:28.
NKM Dzikinura.

^b Jak. 6:5;
Aruma 5:33;
3 Ni. 9:14.

^c VaR. 8:39.
NKM Rudo.

16a Deut. 4:5–8;
2 Ni. 5:10–11.
17a 2 Ni. 5:21–24;

Aruma 3:6–19.
^b Mosaya 12:8.

18a 1 Ni. 12:20–23.
^b NKM Dhiabhorosi.
19a NKM Akasarudzwa,
Akasarudzwa.
^b Hos. 14:9.

20a Jar. 1:9;
Mosaya 1:6–7;
Aruma 9:13–14.

^b Zvaka. 26:3–14;
Joere 2:23–26.

^c Mpi. 67:6;
Mosaya 2:21–25.

21a I Sam. 4:9;
I Madz. 2:2.
^b Mos. 7:18.

22a D&Z 3:4.
23a VaE. 6:11–17.
24a 1 Ni. 16:32.

zvisinei, imi maitsvaga ^bkuparadza upenyu hwake, hongu, akatambudzika nokusuwa zvikuru pamusana penyu.

25 Uye ndinotya zvikuru nokubvunda pamusana penyu, kuti achatambudzika zvakare; nokuti tarisai, makamupomera mhaka yokuti anga achitsvaga simba nemvumo yokutonga imi; asi ndinoziva kuti haana kutsvaga simba nemvumo yekuti ^aakutongei, asi akatsvaga kubwinya kwaMwari, nemagariro enyu akanaka okusingaperi.

26 Uye mukatsutsumwa nokuti akakutaurirai pachena. Munoti akange ^aakakuomeserai; munoti anga akashatirirwa imi; asi tarisai, kutaura kwake kwanga kuri kutaura kwesimba reshoko raMwari, iro rakanga riri maari, nezvamunodaizwa kuti kushatirwa ichokwadi, maererano nezviri muna Mwari, zvaakanga asingagone kuvanza, asi kuisa pachena pasina kutya kutadza kwenyu.

27 Uye zvinofanira kuti ^asimba raMwari rive naye, uye kunyange pakukurairai kuti makafanira kuteerera. Asi tarisai, akanga asiri iye, asi wakanga uri ^bMweya waIshe wakanga uri maari, ^cwakazarura muromo wake kuti urambe uchitaura.

28 Uye zvino mwanakomana wangu, Ramani, newe Remueri naSemu, uye vanakomana vangu vanove vanakomana vaIshmaeri,

tarisai, mukateerera kuizwira Nifai hamuparari. Uye mukateerera kwaari ndichakupai ^achikomborero, hongu, chikomborero changu chekutanga.

29 Asi mukaregera kuteerera kwaari ndichatora ^achikomborero changu chekutanga, hongu, kana chikomborero changu uye chichazogara pamusoro pake.

30 Uye zvino, Zoramu, ndinotaura kwauri: Tarisai, uri ^amuranda waRabhani; zvisinei, wakaunzwa kubva kunyika yeJerusarema, ndinoziva kuti uri shamwari yechokwadi yemwanakomana wangu Nifai, nokusingaperi.

31 Naizvozvo, nokuti wanga uchivimbika zvikuru mbeu yako ichakomborerwa ^anembeu yake, kuti vagare muupfumi kwenguva yakareba munyika ino; uye hakuna, kunze kweku-nge vave nokuipa pakati pavo, chinovakuvadza kana kuvanganisa mukubudirira kwavo munyika ino nokusingaperi.

32 Naizvozvo, ukachengeta mirairo yaIshe, Ishe vakagadzirira nyika ino kuchengetedzwa kwembeu yako nembeu yomwanakomana wangu.

CHITSAUKO 2

Rununuro rwunouya nomuna Mesia Mutsvene—Kusununguka pakuzvisarudzira (kuzvifungira)

24b 1 Ni. 16:37.

25a Gen. 37:9–11.

26a Zir. 15:10;

1 Ni. 16:2; Moro. 9:4;
D&Z 121:41–43.

27a 1 Ni. 17:48.

b D&Z 121:43.

c D&Z 33:8.

28a NKM Nhaka
yeKuzvarwa nayo.

29a Abr. 1:3.

30a 1 Ni. 4:20, 35.

31a 2 Ni. 5:6.

kunofanirwa kunge kuripo kuti tirarame uye tibudirire—Kutadza kwaAdama kwaive kwekuti vanhu vavepo—Vanhu vanokwanisa kusarudza rusununguko noupenyu hwokusingaperi. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino Jakobho, ndinotaura kwauri: Iwe uri “dangwe rangu romumazuva okutambudzika kwangu murenje. Zvino tarisai, mukukura kwako wakatambudzika nokusuwa zvikuru, nokuda kwokuipa kwavakoma vako.

2 Zvisinei hazvo Jakobho, chizvarwa changu chokutanga murenje, unoziva ukuru hwaMwari; achakutsaurira matambudziko ako ugowana nokuda kwawo.

3 Naizvozvo, mweya wako uchakomborerwa, uye uchagara zvakanaka nomukoma wako, Nifai; mazuva ako achaperera mukushandira Mwari vako. Nokudaro, ndinoziva kuti wapakoneswa, nokuda kwoutsvene hweMununuri wako; nokuti waona kuti mukukwana kwenguva anouya kuzopa ruponeso kuvanhu.

4 Uye “wakaona kubwinya kwake paujaya hwako; naizvozvo, wakakomborerwa seavo vaachaparidzira vachimuona

panyama; nokuti Mweya mumwechete, nezuro, nhasi nokusingaperi. Uye nzira yakagadzirirwa kubvira pakupunzika kwomunhu, uye ruponeso ^bnderwepachena.

5 Uye vanhu vanorairwa zvakanaka kuti “vazive zvakanaka kubva pane zvakaipa. Uye mutemo nopiwa kuvanhu. Uye nomutemo hapana nyama isina ^bchitema; kana kuti, nomutemo vanhu “vakaraswa. Hongu, maererano nemutemo wenyika vakaraswa; uyezve, nemutemo wemweya vanofa neizvo zvakanaka, vove vano-suwa nokusingapere.

6 Naizvozvo, “rununuro rwounouya nomuna ^bMesia Mutsvene; nokuti azere “nyenasha nechokwadi.

7 Tarisai akazvipira “sechibairo chezvivi, kuti azadzikise zvido zvemutemo, kuna avo vose vane mwoyo yakapfava nomweya wokuzvininipisa; haku-na mumwezve angagutse ^bmhinduro dzemutemo.

8 Naizvozvo, zvinokosha sei kuita kuti zvinhu izvi zvose zvizivikanwe kuvanhu vose venyika, kuti vazive kuti haku-na nyama ingagare pamberi paMwari, “kunze kwekunge iine kodzero, netsitsi, nyenasha dzaMesia Mutsvene, uyo akapa

2 1a 1 Ni. 18:7.

4a 2 Ni. 11:3;

Jak. 7:5.

^b NKM Nyasha.

5a Moro. 7:16.

^b VaR. 3:20;

2 Ni. 25:23;

Aruma 12:22-16.

NKM Natsa.

c 1 Ni. 10:6;

2 Ni. 9:6-38;

Aruma 11:40-45;

12:16, 24; 42:6-11;

Hir. 14:15-18.

6a 1 Ni. 10:6;

2 Ni. 25:20;

Aruma 12:22-25.

NKM Hurongwa

hweRununuro.

^b NKM Mesia.

^c Joh. 1:14, 17;

Mos. 1:6.

7a NKM Dzikinura.

^b VaR. 10:4.

8a 2 Ni. 25:20; 31:21;

Mosaya 4:8; 5:8;

Aruma 38:9.

upenyu hwake hwenyama, achihutora zvakare nesimba ro-Mweya, kuti aunze ^bkumutswa kwevakafa, achiva iye wokutanga kumuka.

9 Naizvozvo, anova michero yokutanga kuna Mwari, “achabatsira vanhu vose; avo vose vanotenda maari vachaponeswa.

10 Uye nokuda kworubatsiro “rwavose, rwevanhu vose rwaakapa, vanhu vose vanouya kuna Mwari; naizvozvo, vanomira pamberi pake, kuti ^bvatongwe naye maererano nechokwadi “noutsvene huri maari. Naizvozvo, zvinodiwa nemutemo wakapiwa noUyo Mutsvene, kuri kuranga kwakatogadzirirwa, iko kurangwa kwakagadzirirwa kwakasiyana norufaro rwunobva mukuteerera, kugutsa zvinodiwa “zverudzikinuro—

11 Nokuti zvinofanira, kuti pave “nokupikisana muzvinhu zvose. Kana zvisina kudaro, dangwe rangu rokutanga murenje, utsvene hawaizokwanisa kuunzwa, kana kuipa, kana utsvene kana kusuwa, kana zvakana kana zvakaipa. Naizvozvo, zvinhu zvose zvinofanirwa kusangana kuve chinhu chimwechete; naizvozvo kana uri muviri mumwechete unofanirwa kuramba wakafa, usina upenyu kana rufu, kana

kunyangadzwa kana kusanyangadzwa, rufaro kana kusuwa, kana kunzwa nekusanzwa.

12 Naizvozvo, chingadai chakasikirwa pasina; naizvozvo pangadai pakanga pasina “chinangwa mukusikwa kwacho. Naizvozvo, chinhu ichi chinofanirwa kuparadza uchenjeri hwaMwari nezvinangwa zvavo zvokusingaperi, uye zvakare nesimba, netsitsi, ^bnokutonga kwakanaka kwaMwari.

13 Uye kana uchiti “hakuna mutemo, uchatiwo hakuna zvivi. Kana uchiti hakuna chivi uchatiwo hakuna utsvene. Uye kana kusina utsvene hakuna rufaro. Kana kusina utsvene kana rufaro saka kunenge kusina kurangwa kana kusuwa. Uye kana zvinhu zvose izvi kusina ^bhakuna Mwari. Kana kusina Mwari isu hatipo, kana nyika; nokuti kungadai kusina kusikwa kwezvinhu, zvekuita kana zvekuitirwa; naizvozvo, zvinhu zvose zvingadai zvakatkatika.

14 Uye zvino, vanakomana vangu, ndinotaura zvinhu izvi kuti mudzidze zvizokuyamurai; nokuti Mwari variko, uye “vakasika zvinhu zvose, zvose denga nyenya, nezvinhu zvose zviri mazviri, zvose zvinoita ^bnezvinoitirwa.

8b I VaKori. 15:20;

Aruma 7:12;

12:24–25; 42:23.

NKM Kumuka

Kuvakafa.

9a Isa. 53:1–12;

Mosaya 14:12; 15:8–9.

10a NKM Mununuri.

b NKM Kutonga,

Kwekapedzisira.

c NKM Hutsvene.

d 2 Ni. 9:7, 21–22, 26;

Aruma 22:14;

33:22; 34:9.

11a D&Z 29:39; 122:5–9.

NKM Matambudziko.

12a D&Z 88:25–26.

NKM Pasi—

Rakasikirwa munhu.

b NKM Yenzaniso.

13a 2 Ni. 9:25.

b Aruma 42:13.

14a NKM Sika.

b D&Z 93:30.

15 Uye kuti vaunze “zvina-
ngwa zvavo zvokusingaperi
munguva yekupera kweupenyu
hwevanhu, shure kwokunge
vasika vabereki vedu vokuta-
nga, nemhuka dzesango neshiri
dzedenga, uye mukunaka zvi-
nhu zvose zvakasikwa, paifa-
nirwa kuti kuve nechaipikisa;
kunyangwe ^bmuchero ^cwaira-
mbidzwa uchipikisana ^dnomuti
woupenyu; mumwe wainaka
mumwe uchivava.

16 Naizvozvo, Ishe Mwari
vakapa kumunhu kuti ^aazviitire
zvinhu zvake ega. Naizvozvo,
munhu akanga asingakwanise
kuzviitira zvinhu zvake ega
asina ^bkunyengerwa nechimwe
chezviviri izvi.

17 Uye ini Rihai, maererano
nezvinhu zvandakaverenga,
ndinofanirwa kufunga kuti
^angirozi yaMwari, maererano
neizvo zvakanyorwa, ^byakado-
nha kubva kudenga; naizvozvo,
akava ^cdhiabhorosi, akanga
atsvaga zvakaipa pamberi
paMwari.

18 Uye nokuti akanga adonha
kubva kudenga, akava anosuwa
nokusingaperi, ^aakatsvaga ku-
suwisa marudzi ose. Naizvozvo,
akati kuna ^bEva, hongu, kana

iyo nyoka, inova dhiabhorosi,
anova baba ^cwenhema dzose,
naizvozvo akati: Idya muchero
unorambidzwa; hauzofi, asi
uchava saMwari, ^duchiziva zva-
kanaka nezvakaipa.

19 Uye shure kwokunge
Adama naEva ^avatora mu-
chero wairambidzwa vakata-
ndwa mubindu ^breEdeni, kuti
varime ivhu.

20 Uye vakabereka vana; ho-
ngu, iyo ^amhuri yenyika yose.

21 Uye mazuva evana ^aveva-
nhu akawedzerwa, maererano
nokuda kwaMwari, kuti ^bvate-
ndeuke vachiri munyama; nai-
zvozvo, nguva yavo yakave
nguva ^cyokuedzwa, nguva yavo
ikawedzerwa, maererano nemi-
rairo iyo Ishe Mwari yavakapa
kuvana vevanhu. Nokuti vakapa
mirairo yekuti vanhu vose va-
nofanirwa kutendeuka; nokuti
vakaratidza vanhu vose kuti
^dvakarasika, nokuda kwechita-
dzo chavabereki vavo.

22 Uye zvino, tarisai, dai
Adama asina kutadza angadai
asina kupunzika, asi angadai
akaramba ari mubindu reEdeni.
Uye zvinhu zvose zvakasikwa
zvingadai zvakaramba zvakaita
sezvazvakanga zvakaita kubvira

15a Isa. 45:18;
Aruma 42:26;
Mos. 1:31, 39.
b Gen. 3:6;
Aruma 12:21–23.
c Gen. 2:16–17;
Mos. 3:17.
d Gen. 2:9;
1 Ni. 15:22, 36;
Aruma 32:40.
16a 2 Ni. 10:23;
Aruma 12:31.
NKM Kuzvisarudzira.

b D&Z 29:39–40.
17a NKM Dhiabhorosi.
b Isa. 14:12; 2 Ni. 9:8;
Mos. 4:3–4;
Abr. 3:27–28.
c NKM Dhiabhorosi.
18a 2 Ni. 28:19–23;
3 Ni. 18:18;
D&Z 10:22–27.
b NKM Eva.
c 2 Ni. 28:8; Mos. 4:4.
d Gen. 3:5;
Aruma 29:5;

Moro. 7:15–19.
19a Aruma 12:31.
NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.
b NKM Edeni.
20a D&Z 138:38–39.
21a Aruma 12:24;
Mos. 4:23–25.
b Aruma 34:32.
NKM Rutendeuko.
c NKM Upenyu
hwenyama.
d Jak. 7:12.

nguva yazvakasikwa; uye zvinofanira kunge zvakaramba zvakadaro nokusingaperi, uye zvisina maguno.

23 Uye vangadai vasina ^avana; naizvozvo vangadai vakaramba vasina mhosva, vasina rufaro, nokuti vakanga vasingazive kusuwa; vasingaite zvakana, nokuti havaiziva chivi.

24 Asi tarisai, zvinhu zvose zvakaitwa muruzivo rweavo ^avanoziva zvinhu zvose.

25 ^aAdama ^bakapuznika kuti vanhu vavepo; uye vanhu ^cvaripo, kuti vave ^dnorufaro.

26 Uye ^aMesia anouya mukukwana kwenguva, kuti ^banunure vana vevanhu pakupuznika. Uye nokuti vaponesa pachitadzo ichi vava ^cvakasununguka zvingaperi, vachiziva chakanaka kubva pane chakaipa; kuita ivo kwete kuitirwa, kunze kwekurangwa ^dnemutemo pazuva guru rokupedzisira, maererano nemirairo yakapiwanaMwari.

27 Naizvozvo, vanhu ^avakasununguka maererano nenyama; zvinhu zvose zvakapiwa kwavari zvakanakira vanhu. Uye vakasununguka ^bkusarudza rusununguko neupenyu ^chwokusingaperi, nenzira yoMuenzansi mukuru wevanhu vose, kana kusarudza usungwa nerufu,

maererano neusungwa nesimba radhiabhorosi; nokuti anotsvaga kuti vanhu vose vasuwe saiye.

28 Uye zvino, vanakomana vangu, ndingade kuti mutarisire ^aMurevereri mukuru, muteerere mirairo yake mikuru; nokuva munovimbisika kumazwi ake, musarudze upenyu hwokusingaperi, maererano nokuda kweMweya wake Mutsvene;

29 Uye musasarudza rufu rwokusingaperi, maererano nokuda kwenyama nokuipa kuri mairi, kunopa mweya wadhiabhorosi simba ^arokubata pfungwa, akudzikisei ^bkugehena, kuti azokutongai muumambo hwake.

30 Ndataura mazwi mashoma aya kwamuri mose, vanakomana vangu, mumazuva ekupedzisira ekuedzwa kwangu; uye ndasarudza zvakana, maererano namazwi omuporofita. Uye handina chimwe chinangwa kunze kwemagariro akanaka emweya yenyu asingaperi. Amenii.

CHITSAUKO 3

Josefa muEgipita anoona maNifai muchiratidzo—Akaporofita pamusoro paJoseph Smith, muoni wamazuva ekupedzisira; nezvaMosesi,

23a Mos. 5:11.

24a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

25a NKM Adama.

b Mos. 6:48.

NKM Kupuznika kwaAdama naEva.

c NKM Upenyu hwenyama.

d Mos. 5:10.

NKM Rufaro; Munhu.

26a NKM Mesia.

b NKM Hurongwa hweRununuro.

c Aruma 42:27;

Hir. 14:30.

d NKM Mutemo.

27a VaG. 5:1;

Mos. 6:56.

b NKM Kuzvisarudzira.

c NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

28a NKM Murevereri.

29a VaR. 6:16–18;

Aruma 12:11.

b NKM Gehena.

anozosunungura Israeri; nokuuya kweBhuku raMormoni. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ndinotaura kwauri, Josefa, “gotwe rangu. Waka-zvarirwa murenje mukati mematambudziko angu; hongu, amai vako vakakubereka mazuva ekutambudzika nekusuwa kwangu kukuru.

2 Uye Ishe ngaakupezve “nyika iyi, inova nyika yakanaka zvikuru, senhaka yako neyembeu yako nevakoma vako kuti ive yenyu zvachose, kana muri machengetedza mirairo yeMutsvene weIsraeri.

3 Uye zvino, Josefa, gotwe rangu, uyo wandakaburitsa kubva murenje mokutambudzika kwangu, Ishe akukomborere nokusingaperi, nokuti mbeu yako “haichazoparadzwi zvachose.

4 Nokuti tarisai, uri muchero wechiuno changu; ndiri wedzinzwa “raJosefa uyo akatakurwa akaendeswa kuEgipita ^bmuunhapwa. Uye zvibvumirano zvikuru zvakaitwa naIshe kuna Josefa.

5 Naizvozvo, Josefa zvechokwadi “akaona zuva redu. Uye akawana vimbiso yaIshe, kuti kubva pamuchero wechiuno chake Ishe Mwari vachakudza

^bbazi “rakarurama kune veimba yaIsraeri; bazi iroro rinenge risiri Mesia, asi bazi rakanga richazotyorwa, nokudaro, kuti rizerangarirwa muzvibvumirano zvalshe kuti “Mesia azozviratidza kwavari mumazuva okupedzisira, musimba romweya, achivaunza kubva “murima kupinda muchiedza—hongu, kubva murima rakavanzika nokubuda kubva muuranda kuenda murusununguko.

6 Nokuti Josefa akapupura zvechokwadi, achiti: “Muoni achamutswa naIshe Mwari vangu, achazova muoni akasarudzwa kumichero ^byechiuno changu.

7 Hongu, Josefa zvechokwadi akati: Izvi ndizvo zvakataura Ishe kwandiri: Ndichamutsa “muoni kubva pamuchero wechiuno chako; achave munhu anokudzwa pakati pemichero yechiuno chako. Uye kwaari ndichapa mirairo yokuti aite basa pakati pemichero yechiuno chako, hama dzake, richava rakakosha kwavari, uye kana kuunza kwavari ruzivo rwezvibvumirano zvandakaita namadzibaba ako.

8 Uye ndichamupa murairo iye wokuti “asaita rimwe basa, kunze kwebasa randichamuraira ini. Uye ndichamuita mukuru

3 1a 1 Ni. 18:7.

2a 1 Ni. 2:20.
 nkm Nyika
 yeChipikirwa.

3a 2 Ni. 9:53.

4a Gen. 39:1–2; 45:4;
 49:22–26;

1 Ni. 5:14–16.

b Gen. 37:29–36.

5a djs Gen. 50:24–38;
 2 Ni. 4:1–2.

b Gen. 49:22–26;
 1 Ni. 15:12; 19:24.

nkm Munda
 wemizambiringa
 waIshe.

c Jak. 2:25.

d 2 Ni. 6:14;

D&Z 3:16–20.

e Isa. 42:16.

6a 3 Ni. 21:8–11;

Morm. 8:16.

nkm Muoni.

b D&Z 132:30.

7a nkm Smith, Joseph,
 Mwana

8a D&Z 24:7, 9.

mumaziso angu; nokuti achaita basa rangu.

9 Uye, achazova mukuru “sa-Mosesi, uyo wandati ndichamutsa kwamuri, kuti ^baponese vanhu vangu, vemba yaIsraeri.

10 Uye ndichamutsa Mosesi, kuti aburitse vanhu vako munyika yeEgipita.

11 Asi muoni ndichamumutsa kubva pamuchero wechiuno chako; uye kwaari ndichapa “simba rokuunza mazwi angu kumbeu yechiuno chako — kwete kungounza mazwi angu chete, Ishe vanodaro, asi mukuvapwisa pamusoro peshoko rangu, iro rinetenge ratovepo kare pakati pavo.

12 Naizvozvo, muchero wechiuno chako “uchanyora; muchero wechiuno ^bchaJuda uchanyora; uye izvo “zvichanyorwa nomuchero wechiuno chako, neizvo zvichanyorwa nomuchero wechiuno chaJuda, zvichakura pamwechete, ^dzvigonyadzisa dzidziso dzenhema nokuisa pasi kusawirirana nokuunza runyararo pakati pomuchero wechiuno chako, ^enokuunza kwavari ^fruzivo rwamadzibaba avo mumazuva okupedzisira, uye noruzivo rwezvibvumirano zvangu, Ishe vanodaro.

13 Uye mukusasimba achaitwa kuti asimbe, muzuva iro basa rangu richatangiswa pakati pavanhu vangu, mukudzoserwa

kwenyu, vemba yaIsraeri, Ishe vanodaro.

14 Uye Josefa akaporofita, achiti: Tarisai, muoni uyo achakomborerwa nalshe; avo vose vachatsvaka kuti vamuparadze vachanyadziswa; nokuti chivimbiso ichi, chandakawana kubva kunaIshe, chomuchero wechiuno changu, chichazadzikiswa. Tarisai, ndine chokwadi pamusoro pokuzadzikiswa kwechivimbiso ichi;

15 Uye achadaidzwa “zita rangu; richava ^bzita rababa vake. Uye achazova seni; nokuti chinhu, chichaunzwa naIshe noruoko rwake, kuburikidza nesimba raIshe chichaunza vanhu vangu kuruponeso.

16 Hongu, uku kuporofita kwaJosefa: Ndine chokwadi nechinhu ichi, sezvo ndine chokwadi nevimbiso yaMosesi; nokuti Ishe vakati kwandiri, “ndichachengetedza mbeu yako nokusingaperi.

17 Uye Ishe vakati: Ndichamutsa mumwe Mosesi; ndichapa simba kwaari riri mumudonzvo; ndichapa utongi kwaari hwakanyorwa. Asi handizosunungura rurimi rwake, kuti ataure zvakawanda, nokuti handimuite mukuru pakutaura. Asi “ndichamunyorera mutemo wangu, nomunwe woruoko rwangu; uye ndichamupa ^banomotaurira.

9a Mos. 1:41.

b Eks. 3:7-10;

1 Ni. 17:24.

11a D&Z 5:3-4.

12a nkm Bhuku

raMormoni.

b 1 Ni. 13:23-29.

c nkm Bhaibheri.

d Ezk. 37:15-20;

1 Ni. 13:38-41;

2 Ni. 29:8; 33:10-11.

e Moro. 1:4.

f 1 Ni. 15:14; 2 Ni. 30:5;

Morm. 7:1, 5, 9-10.

15a D&Z 18:8.

b Nh—JS 1:3.

16a Gen. 45:1-8.

17a Deut. 10:2, 4;

Mos. 2:1.

b Eks. 4:16.

18 Uye Ishe vakatiwo kwandiri: Ndichamumutsa kumuchero wechiuno chako; ndichamuitira mutauri wake. Uye ini tarisai, ndinoita kuti anyore pamusoro pezvomuchero wechiuno chako, kumuchero wechiuno chako; uye mutauri wemuchero wechiuno chako achazvidaidzira.

19 Izvo mazwi aachanyora anenge ari mazwi akanaka andinona kuti akafanira kuenda “kumuchero wechiuno chako. Uye zvichaita sokunge muchero wechiuno chako wachema kwavari ^buri muguruva; nokuti ndinoziva kutenda kwavo.

20 Uye “vachachema vari muvhu; hongu, kunyange kutendeka kwehama dzavo, kunyange kwapfuura zvizvarwa zvakanwanda. Uye zvichaitika kuti kuchema kwavo kuchapera, kunyange nokupfavisisa kwamazwi avo.

21 Pamusana pokutenda kwavo “mazwi avo achaenda mberi kubva mumuromo mangu kuhama dzavo dzinova muchero wechiuno chako; kushaya simba kwamazwi avo ndichaita kusimbe nokutenda kwavo, mukuyeuka zvibvumirano zvandakaita namadzibaba ako.

22 Uye zvino, tarisai, mwana-komana wangu Josefa, ndiko “kuprofita kwaiita baba vangu makare-kare.

23 Saka, nokuda kwechibvumirano ichi makomborerwa; nokuti mbeu yako haichazopa-

radzwa, nokuti vachateerera kumazwi ebhuku.

24 Uye kuchamuka mukuru pakati pavo, achaita zvakanaka kwazvo, mukutaura nemukuita, ari mudziyo mumaoko aMwari, aine kutenda kukuru, kunoita kuti ashande minana, nokuita zvinhu zvikuru mumaziso aMwari, mukudzosera pakare zveimba yaIsraeri, nokumbeu yavakoma vako.

25 Uye zvino, wakakomborerwa iwe, Josefa. Tarisai uri mudiki; naizvozvo teereresha mashoko omukoma wako Nifai, zvichaitwa saizvozvo kwauri maererano namazwi andakataura. Rangarira mazwi ababa vako vave kufa. Amen.

CHITSAUKO 4

Rihai anoraira nokukomborerwa vezvizvarwa zvake—Anofa noku-vigwa—Nifai anobwinya mukunaka kwaMwari—Nifai anoisa kuvimba kwake kwose muna Ishe nokusingaperi. Zvingangove makore 588 kusvika ku570 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Nifai, ndinotaura nezvekuprofita uko kwakaitwa nababa vangu, pamusoro “paJosefa, akaturwa kuenda kuEgipita.

2 Nokuti tarisai, zvechokwadi akapropofita pamusoro pembeu yake yose. Uye “upropofita hwaakanyora, hakuna hwakawanda

19a D&Z 28:8.

^b Isa. 29:4;

2 Ni. 27:13; 33:13;

Morm. 9:30;

Moro. 10:27.

20a 2 Ni. 26:16;

Morm. 8:23.

21a 2 Ni. 29:2.

22a 2 Ni. 3:5.

4 1a Gen. 39:1–2.

2a 2 Ni. 3:5.

hunopfuura ihwohwo. Uye akaporofita nezvedu uye nezvevachatitevera; zvakanyorwa pamahwendefa endarira.

3 Naizvozvo, shure kwokunge baba vangu vapedza kutaura nezvekuporofita kwaJosefa, vakaidza vana vaRamani, vanakomana vake, navanasikana vake, vakati kwavari: Tarisai, vanakomana vangu, navanasikana vangu, munova vanakomana navanasikana “vedangwe rangu, ndinoda kuti muteerere mazwi angu.

4 Nokuti Ishe Mwari vati: “Kana mukachengeta mirairo yangu muchabudirira munyika; kana mukachengeta mirairo muchabviswa pamberi pangu.

5 Asi tarisai, vanakomana vangu navanasikana vangu, handikwanise kuenda muguva mangu ndisina kusiya “ndakukomborerai; nokuti tarisai, ndinoziva kuti mukakudzwa ^bmunzira yamunofanirwa kuteedza hamuzoisya.

6 Naizvozvo, kana makatukwa tarisai, ndinosiya chikomborero changu pamuri, kuti kutukwa uku kubviswe pamuri kupindurwe “pamisoro yevabereki venyu.

7 Naizvozvo, nokuda kwechikomborero changu Ishe Mwari “havazorega muchiparara; naizvozvo, vachazove vane ^btsitsi nemi nokumbeu yenyu nokusingaperi.

8 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge baba vangu vapedza kutaura kuvianakomana navanasikana vaRamani, vakaita kuti vanakomana navanasikana vaRemueri vaunzwe kwavari.

9 Uye vakataura kwavari vachiti: Tarisai, vanakomana navanasikana vangu, munova vanakomana nevanasikana vomwanakomana wangu wechchipiri; tarisai ndinokusiiirai chikomborero chandasiira vanakomana navanasikana vaRamani; naizvozvo, hamuchazopadzwe mose; asi mbeu yenyu ichapedzisira yakomborerwa.

10 Uye zvakaitika kuti apo baba vangu vakapedza kutaura kwavari, tarisai, vakataura kuvianakomana “vaIshmaeri, hongu, neimba yake yose.

11 Uye shure kwokunge vapedza kutaura kwavari, vakataura kuna Semu, vachiti: Wakakomborerwa iwe, nembeu yako; nokuti uchawana nhaka yenyika iyi somukoma wako Nifai. Uye mbeu yako ichaverengwa pamwe nembeu yake; uye uchazove somukoma wako, nembeu yako ichaita sembeu yake; uye uchazokomborerwa mazuva ako ose.

12 Uye zvakaitika shure kwokunge baba vangu Rihai, vataura kune imba yavo yose, maererano nokunzwa kwomwoyo wavo noMweya waIshe wakanga

3a NKM Dangwe.
4a 2 Ni. 1:9.
5a NKM Maropafadzo
ehuPatiriyaki.
b Zir. 22:6.

6a D&Z 68:25-29.
7a 2 Ni. 30:3-6;
D&Z 3:17-18.
b 1 Ni. 13:31;
2 Ni. 10:18-19;

Jak. 3:5-9;
Hir. 15:12-13.
10a 1 Ni. 7:6.

uri mavari, vakachembera. Uye zvakaitika kuti vakafa, vakavigwa.

13 Uye zvakaitika kuti kusati kwaperama mazuva akawanda shure kworufu rwavo, Ramani naRemueri navanakomana va-Ishmaeri vakange vandishatirirwa pamusana pomashoko okuranga alshe.

14 Nokuti ini Nifai, ndakatumhwa kuti nditaure kwavari, maererano nezwi rake; nokuti ndakange ndataura zvinhu zvakawanda kwavari, pamwe nababa vangu, vasati vafa; zvizhinji zvacho zvakataurwa zvakanyorwa pamahwendefa angu “mamwe; nokuti zvenhoroondo zvakanyorwa pamahwendefa angu mamwe.

15 Uye pamahwendefa “ano ndinonyora zvinhu zvomweya wangu, namagwaro ose ari pamahwendefa endarira. Nokuti mweya wangu unofadzwa namagwaro, mwoyo wangu^bunofungisisa pamusoro pawo, ndichizvinyora kuti vana vangu vave vanozvidzidza zvigovabatsira.

16 Tarisai, “mweya wangu unofara muzvinhu zvalshe; uye^bmwoyo wangu unogaro-fungisisa pamusoro pezvinhu zvandakaona nezvandakanzwa.

17 Zvisinei, nokuda “kwokunaka kukuru kwalshe, mukundiratidza mabasa ake makuru

anoshamisa, mwoyo wangu unosheedzera: Ini zvangu munhu^basina basa! Hongu, mwoyo wangu unosuwa nokuda kwenyama yangu; mweya wangu unotambudzika nokuda kwokuipa kwangu.

18 Ndakatenderedzwa, nokuda kwezviedzo nezvivi “zvinongondikunda nyore.

19 Uye kana ndoda kufara, mwoyo wangu unogomera nokuda kwezvivi zvangu; zvisinei, ndinoziva avo vandakavimba navo.

20 Mwari vangu ndivo vanga vari musimbote wangu; vakanditungamirira mumatambudziko angu ndiri murenje; vakandichengeta apo ndakange ndiri pamusoro pemvura dzakadzika.

21 Vandizadza “norudo rwavo, kusvika pakuzadza nyama dzangu dzose.

22 Vanyadzisa “mhandu dzangu, vakaita kuti vadedere pamberi pangu.

23 Tarisai, vakanzwa kuche-ma kwangu masikati, uye vakandipa ruzivo nenzira “yezviratidzo usiku.

24 Uye kwakachena ndakava ndinoshinga “mukunamata zvakasimba pamberi pavo; hongu, izwi rangu ndairitumira kumusoro kudenga; ngirozi dzikauya pasi dzikandiparidzira.

25 Uye pamapapiro oMweya

14a 1 Ni. 1:16–17; 9:4.

15a 1 Ni. 6:4–6.

b NKM Fungisisa;

Magwaro matsvene.

c 1 Ni. 19:23.

16a NKM Kupakutendo.

b NKM Mwoyo.

17a 2 Ni. 9:10; D&Z 86:11.

b VaR. 7:24.

18a VaR. 7:21–23;

VaH. 12:1;

Aruma 7:15.

21a NKM Rudo.

22a 1 Ni. 17:52.

23a NKM Kuratidzwa
(Chiratidzo).

24a Jkb. 5:16;

1 Ni. 2:16.

muviri wangu “wakatakurwa kuenda kumakomo akareba zvikuru. Uye maziso angu akaona zvinhu zvinoshamisa, hongu, zvisingakodzere kuti zvizivikanwe nevanhu; noku-daro ndakarambidzwa kuti ndi-zvinyore.

26 Zvino, kana ndakaona zvinhu zvikuru kudai, kana Ishe mukuzvideredza kwavo kuvana vevanhu vashanyira vanhu mutsitsi dzakadai, “ko zvino mwoyo wangu unochemerei mweya wangu uchitambudzika uri munhika yekusuwa, nyama yangu ichitsakatika, simba rangu richipera, nokuda kwokutambudzika kwangu?

27 Uye, ko “ndinobvumirei kuedzwa, nokuda kwenyama yangu? Hongu, ko zvino ndinzviregererei ^bndichiedzwa, kuti uyo akaipa ave nenzvimbo mumwoyo mangu kuti aparadze ‘runyararo rwangu noku-tambudza mweya wangu? Ko sei ndakashatirwa nokuda kwe-mhandu yangu?

28 Muka, mweya wangu! Usakotamiswe nezvivi. Fara mwoyo wangu, usape nzvimbo zve “kumhandu yomweya wangu.

29 Usashatirwe zvakare nokuda kwemhandu dzangu, usanete simba nokuda kwamatambudziko angu.

30 Fara, mwoyo wangu, ucheme kuna Ishe, uti. Ishe,

ndichakukudzai nokusingaperi; hongu, mweya wangu uchafara mamuri imi Mwari wangu, “nedombo roruponeso rwangu.

31 Ishe, mungaponesewo here mweya wangu? Mungandibvisewo here mumaoko emhandu dzangu? Mungandiitewo here kuti ndidedere ndaona “chitadzo?

32 Masuwo apagehena ngaa-gare akapfigwa pamberi pangu, nokuti “mwoyo wangu wakapfava uye mweya wangu hauzvikudzi! Ishe, musandizaririrewo masuwo woutsvene hwenyu pamberi pangu, kuti ndive ^bndinofamba munzira yenhika yakadzikira, ndishinge mukufamba munzira yakanaka.

33 Ishe, mungandimoneredzewo here nenguo youtsvene hwenyu! Ishe, mungandigadzirirewo here nzira yokutiza mhandu dzangu! Mungandiitirawo here kuti nzira yangu ive yakatwasanuka pamberi pangu! Musandiisirewo zvimhingamupinyi munzira mangu—asi kuti muzvibvisewo munzira mangu, uye musandizaririrewo nzira yangu, asi muzarire nzira dzemhandu dzangu.

34 Ishe, ndavimba nemi, uye “ndichavimba nemi nokusingaperi. Handiise ^bkuvimba mumaoko enyama; nokuti ndinoziva kuti akatukwa uyo anoisasa ‘ruvimbo rwake muruoko

25a 1 Ni. 11:1;
Mos. 1:1–2.

26a Mpi. 43:5.

27a VaR. 6:13.

^b NKM Chiedzo.

^c NKM Runyararo.

28a NKM Dhiabhorosi.

30a I VaKori. 3:11.
NKM Ibwe.

31a VaR. 12:9;
Aruma 13:12.

32a NKM Mwoyo
Wakatyoka.

^b NKM Famba, Famba

naMwari.
34a NKM Vimba.

^b Mpi. 44:6–8.

^c Jer. 17:5;

Morm. 3:9; 4:8.

rwenyama. Hongu, akatukwa uyo anoisa kuvimba mumunhu kana kuita nyama ruoko rwake.

35 Hongu, ndinoziva kuti Mwari achapa “zvaka wanda kune uyo anokumbira. Hongu, Mwari wangu achandipa, ^bndikasakumbira “zvisiriizvo; naizvozvo ndichakwidza izwi rangu kwamuri; hongu, ndichachema kwamuri, Mwari wangu, ^adombo roururami hwangu. Tarisai, izwi rangu richakwira kwamuri nokusingaperi, dombo rangu naMwari vangu vasingaperi. Amenii.

CHITSAUKO 5

MaNifai anozvitsaura kubva kumaRamani, vochengeta mutemo waMosesi, nokuvaka temberi— Nemhaka yekusatenda kwavo, maRamani anobviswa pamberi paIshe, vanotukwa uye vanova shamhu kumaNifai. Zvingangove makore 588 kusvika ku559 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvaka itika kuti ini Nifai, ndakachema zvikuru kuna Ishe Mwari vangu, nenzira “yehasha dzavakoma vangu.

2 Asi tarisai, hashu dzavo dzakakura kwandiri, zvekuti vakatsvaga kutora upenyu hwangu.

3 Hongu, vakatsutsumwa pamusoro pangu vachiti: Munun’una wedu anofunga “kutito-

nga; zve tatambudzika zvikuru nokuda kwake; naizvozvo, ngatimurayi, kuti tisarambe tichinetswa namazwi ake. Nokuti tarisai, hatingade kuti ave mutongi wedu; nokuti ndezvedu, isu vakuru, kuti titonge vanhu ava.

4 Zvino handisi kunyora pamahwendefa aya mazwi ose okutsutsumwa kwavo pamusana pangu. Asi zvinondigutsa ini kuti nditi, vaida kuparadza upenyu hwangu.

5 Uye zvaka itika kuti Ishe “vakandiyambira, kuti ini ^bNifai, ndinofanirwa kubva kwavari nditizire murenje, naavo vose vangaende neni.

6 Naizvozvo, zvaka itika kuti ini Nifai, ndakatora mhuri yangu, uye zvakare “Zoramu nemhuri yake, naSemu mukoma wangu nemhuri yake, Jakobho naJosefa, vanun’una vangu, uye nehanzvadzi dzangu, naavo vose vaida kuenda neni. Uye avo vose vaida kuenda neni ndivo vaitenda ^bmuyambiro nezvakazarurwa zvaMwari; naizvozvo, vakateerera mazwi angu.

7 Uye takatora matende edu nezvimwewo zvakanga zvakanogofanirawo, tikafamba murenje kwamazuva akawanda. Uye shure kwemazuva mazhinji tichifamba takamisa matende edu.

8 Uye vanhu vangu vakati tidaidze nzvimbo iyi kuti “Nifai;

35a Jkb. 1:5.
b Hir. 10:5.
c NKM Munamoto.
d Deut. 32:4.
5 1a 2 Ni. 4:13–14.

3a 1 Ni. 16:37–38;
Mosaya 10:14–15.
5a NKM Kutunhwa.
b Mosaya 10:13.
6a 1 Ni. 4:35; 16:7;

2 Ni. 1:30–32.
b NKM Yambira,
Yambiro.
8a Omu. 1:12, 27;
Mosaya 9:1–4; 28:1.

naizvozvo, takaidaidza kuti Nifai.

9 Uye avo vose vakanga vaineni vakazvidaidza kuti “vanhu vaNifai.

10 Uye takachengetedza utongi, nemitemo, nemirairo yaIshe muzvinhu zvose, tichitevedza “mutemo waMosesi.

11 Uye Ishe vakanga vanesu; takabudirira zvikuru; nokuti takadyara mbeu, tikakohwa zvakare zvakawandisa. Takatanga kuchengeta matanga ezvipfuyo zvemarudzi ose.

12 Uye ini Nifai, ndakanga ndaunza zvinyorwa zvakanga zvakaiswa “pamahwendefa endarira; ^bnebhora, kana kuti ‘chinongedzo, icho chakagadzirirwa baba vangu noruoko rwaIshe, maererano nezvakanyorwa.

13 Uye zvakaitika kuti takatangiisa kubudirira chaizvo, nokuwanda munyika iyi.

14 Uye ini Nifai, ndakatora “munondo waRabhani, ndikaita mimwe minondo yakafanana nawo, kuti zvimwe vanhu vaiva vonzi ^bmaRamani vangangoda kuzotiparadza; nokuti ndaiziva ruvengo rwakanga rwuri mavari pamusana pangu navana vangu naavo vainzi vanhu vangu.

15 Uye ndakadzidzisa vanhu vangu kuvaka dzimba, nokuse-

venza nenzira dzakasiyana-siyana nemiti, “nesimbi, nemhangura, nendarira, negoridhe, nesirivha, nesimbi dzinokosha, idzo dzakanga dzakawanda zvikuru.

16 Uye ini Nifai, ndakavaka “temberi; ndakaivaka semavakirwo ^btemberi yaSoromoni chete iyi yakanga isina kuvakwa nezvinhu ‘zvinokosha zvakawanda; nokuti zvakanga zvisimo munyika, naizvozvo, hayaivakwa setemberi yaSoromoni. Asi kuvakwa kwacho kwakanga kwakafanana nekwetemberi yaSoromoni; kushandwa kwayo kwanga kwakanaka zvikuru.

17 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, ndakaita kuti vanhu vangu vave vanhu “vanoshanda zvikuru, nokuti vashande nemaoko avo.

18 Uye zvakaitika kuti vakada kundiita “mambo wavo. Asi ini Nifai, ndakanga ndisingade kuti vave namambo; zvisinei, ndakavaitira maererano nezvakanga zviru musimba rangu.

19 Uye tarisai, mazwi aIshe akanga azadzikiswa kuvakoma vangu, ayo aakanga ataura pamusoro pavo, kuti ndaifanirwa kuva “mutongi ^bnomudzidzisi wavo. Naizvozvo, ndakanga ndava mutongi wavo nomudzidzisi wavo, maererano nemirairo yaIshe, kusvikira panguva

9a Jak. 1:13–14.

10a 2 Ni. 11:4.

NKM Mutemo waMosesi.

12a Mosaya 1:3–4.

NKM Mahwendefa.

b Mosaya 1:16.

c 1 Ni. 16:10, 16, 26;

18:12, 21;

Aruma 37:38–47;

D&Z 17:1.

14a 1 Ni. 4:9; Jak. 1:10;

Mazwi 1:13.

b NKM MaRamani.

15a Eta 10:23.

16a NKM Temberi, Imba

yaIshe.

b I Madz. 6; II Mak. 3.

c D&Z 124:26–27.

17a Gen. 3:19;

D&Z 42:42.

18a Jak. 1:9, 11.

19a 1 Ni. 2:22.

b NKM Dzidzisa.

yavakada kuparadza upenyu hwangu.

20 Naizvozvo, izwi raIshe rakazadzikiswa iro ravakataura kwandiri, vachiti: Kana “vasingateerere kumazwi ako vachabviswa pamberi paIshe. Uye tarisai, ^bvakabviswa pamberi pake.

21 Uye vakanga vaita kuti “kutukwa kuuye pavari, hongu, kana katukwa kunorwadza, pamusana pekuipa kwavo. Nokuti tarisai, vakanga vaomesa mwoyo yavo kwavari, zvekuti vakanga vaita sedombo regwenya; saka, sezvo vakanga vari vachena, uye vakanaka chaizvo uye ^bvachifadza, kuti vasatore mwoyo yevanhu vangu Ishe Mwari vakakonzero ^cganda dema kuti riuye pavari.

22 Uye ndiko kutaura kunoita Ishe Mwari: Ndichaita kuti vave “vasingambodiwa kuvanhu vako, kunze kwekunge vate ndeuka mukuipa kwavo.

23 Uye ichatukwa mbeu yeuyo “anosangana nembeu yavo; nokuti vachatukwa kana nekutukwa kumwecheteko. Uye Ishe vakazvitauro, zvikaitwa.

24 Uye pamusana pekutukwa kwavo uko kwanga kuri pavari vakave vanhu vane “nungo, vazere nokushereketa nokunyengetedza, uye vakave vaitsvaka zvikara murenje.

25 Uye Ishe Mwari vakati kwandiri: Vachave chirango

kumbeu yako, kuvamutsa mukundirangarira; uye kana vasingandiyeuke ini, uye vachiteerera kumashoko angu, vachavaranga kana mukuparadzwa.

26 Uye zvakaitika kuti ini Nifai, “ndakagadza Jakobho naJosefa, kuti vave vafundisi nevadzidzisi pamusoro penyika yevanhu vangu.

27 Uye zvakaitika kuti takagara netsika yerufaro.

28 Uye makumi matatu emakore akanga apfuura kubvira panguva yatakabva muJerusarema.

29 Uye Ini Nifai, ndakanga ndachengetedza zvinyorwa pamahwendefa angu, ayo andakaita, evanhu vangu kusvika ipapo.

30 Uye zvakaitika kuti Ishe Mwari vakati kwandiri: Gadzira “mamwe mahwendefa; uye iwe uchanyora zvinhu zvizhinji izvo zvakanaka mumaziso mangu, zvinopundutsa vanhu vangu.

31 Naizvozvo, ini Nifai kuti nditeerere mirairo yaIshe, ndakaenda ndikanoita mahwendefa “aya ayo andakanyora zvinhu izvi.

32 Uye ndakanyora icho chinofadza kuna Mwari. Uye kana vanhu vangu vachifadzwa nezvinhu zvaMwari vachafadzwa nezvangu zvinyorwa zviri pamahwendefa aya.

33 Uye kana vanhu vangu vachida kunzwa nezvechidimbu

20a 2 Ni. 2:21.

b Aruma 9:14.

21a NKM Kutukwa.

b 4 Ni. 1:10.

c 2 Ni. 26:33;

3 Ni. 2:14–16.

22a 1 Ni. 12:23.

23a NKM Kuroora—

Kuroora

kwevezvitendero

Zvakasiyana.

24a NKM Anenungo.

26a Jak. 1:18–19;

Mosaya 23:17.

30a 1 Ni. 19:1–6.

31a NKM Mahwendefa.

chakati chenhoroondo yevanhu vangu vakafanira kunzvera mamwe mahwendefa angu.

34 Uye zvinogutsa kwandiri kuti nditi makumi mana emakore akanga apfuura, uye takanga tatoita hondo nokupesana nehama dzedu.

CHITSAUKO 6

Jakobho anoitazve nhorooondo yerungano rwemaJuda: Kutapwa muBabironi nekudzoka kwavo; ufundisi nekuroverwa kweMutsvene waIsraeri; ruyamuro rwakatabirwa kubva kumaJentairi; nekuzodzorera kwemaJuda pakare mumazuva ekupedzisira vazotenda kuna Mesia. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

MAZWI aJakobho, munin'ina waNifai, ayo aakataura kuvanhu vekwaNifai:

2 Tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ini Jakobho, ndadaidzwa naMwari, uye ndikagadzwa netsika yavo tsvene, ndakasi mbiswa nemukoma wangu Nifai, uyo amunotarisa “samba kana kuti mudziviriri, uye uyo amunotarisa kuti akupei rugare, tarisai munoziva kuti ndataura zvinhu kwamuri zvakanyanya kuwanda.

3 Zvakadaro, ndinotaura kwamuri zvakare; nokuti ndinoda magariro akanaka emweya yenyu. Hongu, kukutyirai kwangu kukuru; uye imi

pachenyu munozviziva kuti zvagara zvakadaro. Nokuti ndakakukurudzirai nesimba rangu rose; uye ndikakudzidzisa mazwi ababa vangu; uye ndikataura kwamuri maererano nezvinhu zvose zvakanyorwa, kubvira pakusikwa kwenyika.

4 Uye zvino tarisai, ndingataure kwamuri maererano nezvinhu zviripo, uye zvichauya; nokudaro, ndichakuverengerai mazwi “alsaya. Uye mazwi anodiwa nemukoma wangu kuti ndiataure kwamuri. Uye ndinotaura kwamuri kuitira imi, kuti mudzidze mugorumbidza zita raMwari wenyu.

5 Uye zvino, mazwi andichaverenga ndiwo akataura naIsaya maererano nemba yose yaIsraeri; nokudaro, angafanidzwe nemi, nokuti imi muri vemba yaIsraeri. Uye kune zvinhu zvizhinji zvakataura naIsaya zvingafananidzwe nemi, nokuti muri vemba yaIsraeri.

6 Uye zvino, aya ndiwo mazwi acho: “Ndizvo zvinotaura Ishe Mwari: Tarisai, ndichasimudza ruoko rwangu kumaJentairi, uye ndomisa^b rupawo rwangu kuvanhu; uye vachauza vanakomana venyu mumaoko avo, uye vanasikana venyu vachavatakura pamapfudzi avo.

7 Uye madzimambo achave madzibaba ekukurerai, uye madzimambokadzi avo vachave madzimai ekukurerai; vachakotama kwamuri uso hwavo hwakaranga pasi, uye vagonanzva

guruva retsoka dzenyu; uye imi muchaziva kuti ndini Ishe; nokuti havazonyara avo ^avano-ndimirira.

8 Uye zvino ini Jakobho, ndi-notaura maererano nemazwi aya. Nokuti tarisai, Ishe vandiratidza kuti avo vakanga vari ^aJerusarema, uko kwatakabva, vakauraiwa uye ^bvakatakurwa senhapwa.

9 Zvakadaro, Ishe vandiratidza kuti ^avachadzoka zvakare. Uye vandiratidzawo kuti Ishe Mwari, Mutsvene waIsraeri, achazviratidza kwavari munyama; mushure mekunge azviratidza vachamurova uye ^bvagomurovera, maererano nemazwi engirozi yakavataura kwandiri.

10 Uye mushure mekuomesa mwoyo yavo uye vaomesa nemitsipa yavo kuMutsvene waIsraeri, tarisai, ^akutonga kwe-Mutsvene waIsraeri kuchauya pavari. Uye zuva riri kuuya ravacharohwa nekutambudzwa.

11 Nokudaro, mushure mekunge vatinhwa uku nekoko, nokuti ndiko kutaura kwengirozi, vazhinji vachatambudzwa munyama, uye havazobvumirwa kutsakatika, nenzira yeminamato yevanotenda; vacha-

paradzirwa, vagorohwa, uye vagovengwa; zvakadaro, Ishe vachavaitira tsitsi, zvekuti ^akana vazove ^bneruzivo rweMununuri wavo, ^cvachaunganidzwa zvakare munyika dzenhaka yavo.

12 Uye vakaropafadzwa ^amajentairi, avo vakanyorwa nezvavo nemuporofita; nokuti tarisai, zvikaitika kuti vachatendeuka uye vagorega kurwisana neZioni, uye vagorega kuzvibatidza nechechi iya huru ^binonyangadza, vachaponeswa; nokuti Ishe Mwari vachazadzikisa ^czvibvumirano zvaro zvavakaita kuvana vavo; nenzira yechikonzero ichi muporofita akanyora zvinhu izvi.

13 Nokudaro, avo vanorwisa Zioni nevanhu vechibvumirano chaIshe vachananzva guruva retsoka dzavo; uye vanhu vaIshe ^ahavazonyara. Nokuti vanhu vaIshe ndivo ^bvanovamirira; nokuti vachiri kumirira kuuya kwaMesia.

14 Uye tarisai, maererano nemazwi emuporofita, Mesia achazvimisa zvakare ^akechipiri kuti avatore; nokudaro, ^bachazviratidza kwavari nesimba nekubwinya kukuru, ^cmukuparadzwa kwevavengi vavo, kana

7a Mos. 1:6;

D&Z 133:45.

8a Est. 2:6; 1 Ni. 7:13;

2 Ni. 25:10;

Omu. 1:15;

Hir. 8:20–21.

b II Madz. 24:10–16;
25:1–12.

nkm Israeri—
Kupararira kwa
Israeri.

9a 1 Ni. 10:3.

b 1 Ni. 19:10, 13;

Mosaya 3:9;

3 Ni. 11:14–15.

nkm Kuroverwa.

10a Mat. 27:24–25.

11a 1 Ni. 22:11–12;

2 Ni. 9:2.

b Hos. 3:5.

c nkm Israeri—

Kuunganidzwa

kwa Israeri.

12a 1 Ni. 14:1–2;

2 Ni. 10:9–10.

b nkm Dhiabhorosi—
Chechi radhiabhorosi.

c nkm Chibvumirano
chaAbrahamama.

13a 3 Ni. 22:4.

b Isa. 40:31; 1 Ni. 21:23;
D&Z 133:45.

14a Isa. 11:11;

2 Ni. 25:17; 29:1.

b 2 Ni. 3:5.

c 1 Ni. 22:13–14.

zuva iro rasvika kana vave kutenda kwaari; uye hapana waanoparadza anotenda kwaari.

15 Uye avo vasingatende kwaari ^avachaparadzwa, zvose ^bnemoto, nedutu, nekundenge-deka kwenyika, nekudeurwa kweropa, ^cnezvirwere, nenzara. Uye vachaziva kuti Ishe ndi-Mwari, Mutsvene walsraeri.

16 ^aKo nyama ingabvutirwe anesimba here, kana nhapwa dziri ^bpamurau dzingasunungurwe here?

17 Asi ndiko kutaura kwaIshe: Kana ^anhapwa dzevanesimba dzichatorwa, uye nyama yevanotyisa ichasunungurwa; nokuti Mwari ^bSamasimba ^cvachasunungura vanhu vavo vechibvumirano. Nokuti ndiko kutaura kwaIshe: Ndicharwisana navo vanorwisana nemi—

18 Uye ndichavapa kudya avo vanokudzvinyirirai, nenyama yemiviri yavo; uye vachadhakwa neropa ravo sekunge vanwa waini inotapira; uye yose nyama ichaziva kuti ini Ishe ndini ^aMuponesi wenyu neMununuri wenyu, ^bSamasimba vaJakobho.

CHITSAUKO 7

Isaya anotaura saMesia—Mesia

achave nerurimi rwevakadzidza— Achapa musana wake kune vanorova—Haazovhiringwa—Enzanisai naIsaya 50. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

HONGU, ndizvo zvinotaura Ishe: Ndakakubvisa kwandiri here, kana kuti ndakakurasa zvachose here? Nokuti ndizvo zvinotaurwa naIshe: Tsamba yokurambwa kwamai vako iripi? Ko ndakakupa kunani, kana ndekune upi pane vandii-ne chikwereti navo kwandakakutengesa? Hongu, ndakakutengesai kuna ani? Tarisai, nezvitadzo zvenyu ^amakazvitengesa mega, uye nenzira yekudarikira kwenyu amai venyu vakarambwa.

2 Nokudaro, pandakauya, pakanga pasina munhu; ^apandakadaidza, hongu, pakanga pasina anodaira. Nhai imi vemba yaIsraeri, ruoko rwangu rwapfupika chaizvo zvekuti harwuchagona kununura, kana kuti handina simba rekusunungura? Tarisai, nekutuka kwangu ndinoomesa ^bgungwa, ndinoita kuti ^cnzizi dzavo dzive renje ^dnehove dzavo kuti dzinhuwe nokuti mvura inenge yaoma, uye dzinofa nenzira yenyota.

15a 2 Ni. 10:16; 28:15;
3 Ni. 16:8.

NKM Mazuva
Ekupedzisira.

^b Jak. 6:3.

^c D&Z 97:22–26.

16a Isa. 49:24–26.

^b NEMAMWE MAZWI
vanhu vechibvu-

mirano vaIshe,
sezvakanyorwa
muvhesi 17.

17a 1 Ni. 21:25.

^b NKM Jehova.

^c II Madz. 17:39.

18a NKM Mununuri.

^b Gen. 49:24; Isa. 60:16.

7 1a NKM Kurasika

Pachitendero.

2a Zir. 1:24–25;

Isa. 65:12;

Aruma 5:37.

^b Eks. 14:21;

Mpi. 106:9;

D&Z 133:68–69.

^c Josh. 3:15–16.

^d Eks. 7:21.

3 Ndinoshongedza matenga “nekusviba, uye ndinoita kuti ^bmasaga ave chifukidzo chawo.

4 Ishe Mwari vakandipa “rurimi rwevakadzidza, kuti ndigoziva kuti ndinotaura sei mazwi nenguva kwamuri, imi vemba yaIsraeri. Kana makaneta vanokumutsai runghanani rwegarwega. Vanoita kuti nzeve yangu inzwe senzeve yevakadzidza.

5 Ishe Mwari vakadziura “nzeve yangu, uye handina kupanduka, zve handina kudzokera shure.

6 Ndakapira musana wangu “kumurovi, uye matama angu kune avo vaidzura vhudzi. Handina kuviga uso hwangu mukunyadziwa nekusvipirwa.

7 Nokuti Ishe Mwari vachandiyamura, naizvozvo handizovhiringwa. Naizvozvo ndaita uso hwangu kuti huve segwenya, uye ndinoziva kuti handizonyara.

8 Uye Ishe vari pedyo, uye vanondireverera. Ndiani achandirwisa? Ngatimirei tiri pamwechete. Ndiani muvengi wangu? Ngaauye pedyo neni, uye ndichamurova nesimba remuromo wangu.

9 Nokuti Ishe Mwari vachandiyamura. Uye vose avo “vachandishora, tarisai, vose vachasakara senguo, uye vachapfukutwa.

10 Ndiani ari pakati penyuanotyanya Ishe, anoteerera “izwi

remuranda wavo, anofamba murima uye asina mwenje?

11 Tarisai mose imi munobatidza moto, munozvikumberedza nezvibari zvemoto, fambai muchiedza chemoto “wenyu nemuzvibari zvamatumungidza. Izvi ndizvo zvamuchawana neruoko rwangu—mucharara pasi mukusuwa.

CHITSAUKO 8

Mumazuva ekupedzisira, Ishe vachanyaradza Zioni uye vagounganidza Israeri—Vakanunurwa vachauya kuZioni pakati pemufaro mukuru—Enzanisai naIsaya 51 uye 52:1–2. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

TEERERAI kwandiri, imi munotevedza kururama. Tarisai “kudombo ramakabva, nekumwena wegomba ramakacherwa.

2 Tarisai kuna Abrahamama, “baba wenyu, nekuna ^bSara, uyo akakuberekai, nokuti ndakamudaidza ari ega, ndikamuropafadza.

3 Nokuti Ishe achanyaradza “Zioni, achanyaradza nenzvimbo dzake dzose dzakapardzwa; uye achaita kuti ^brenje rake rive seEdeni, uye gwenga rake riite sebindu raIshe. Mufaro nokuseka kuchawanikwamo, kutenda nezwi rinoimba zvinotapira.

3a Eks. 10:21.
b Zvaka. 6:12.
4a Ruka 2:46–47.
5a D&Z 58:1.
6a Mat. 27:26;

2 Ni. 9:5.
9a VaR. 8:31.
10a D&Z 1:38.
11a Vat. 17:6.
8 1a NKM Ibwe.

2a Gen. 17:1–8;
D&Z 132:49.
b Gen. 24:36.
3a NKM Zioni.
b Isa. 35:1–2, 6–7.

4 Teerera kwandiri vanhu vangu; uye mundipe nzeve, imi verudzi rwangu; nokuti “muto mo uchabva kwandiri, uye ndichaita kuti kutonga kwangu kumbomira kuti kuve ^bnechiedza kuvanhu.

5 Kururama kwangu kwave pedyo; “ruponeso rwangu rwa-kaenda, uye ruoko rwangu rwu-chatonga vanhu. ^bZvitsuwa zvichatarisira kwandiri, uye zvichavimba neruoko rwangu.

6 Simudzirai maziso enyu kumatenga, uye mugotarisa panyika iri pasi; nokuti “matenga ^bachanyangadika seutsi, uye nyika ^cichasakara sejira; uye avo vanogaramo vachafanetsika imwecheteyo. Asi ruponeso rwangu harwuperi narinhi, uye kururama kwangu hakuzoparadzwa.

7 Teerera kwandiri, imi munoziva kururama, vanhu vane mumwoyo mandakanyora murau wangu, “musatye kusvika kwevanhu, zve musatye kukutukai kwavo.

8 Nokuti shaveshave richavadya sejira, uye makonye achavadya sewuru. Asi kururama kwangu ndokwarinhi, uye ruponeso rwangu nderwezvizvarwa nezvizvarwa.

9 Mukai! Mukai! Itai “simba, imi ruoko rwaIshe; mukai sema-

kare-kare. Hamuzimi here makacheka Rakabi, mukaremadza chikara?

10 Hamuzimi here makaomesa gungwa, mvura yemakadzama zvikuru; makaita udzame hwegungwa “nzira yevakatsikinu-ruwa kuti vapfuure?

11 Nokudaro, “vakanunurwa vaIshe vachadzoka, uye vouya ^bnekuimba kuZioni; uye rufaro rwusingaperi neutsvene zvichave pamisoro yavo; uye vachawana rufaro nokufara; kusuwa ^cnekuchema zvichatiza.

12 “Ndini iye; hongu, ndini iye anokunyaradzai. Tarisai, ndimi vana ani, ^bvanotyva vanhu, avo vachafa, uye mwanakomana wemunhu, vachaitwa ^cseuswa?

13 “Uye munokanganwa here Ishe musiki venyu, vakatata-mura matenga, uye vakaita hwaro hwenyika, uye vari vanotyva mazuva ose, nenzira yehasha dzemudzvinyiriri, sekunge ange agadzirira kuparadza? Uye dziripi hashu dzemudzvinyiriri?

14 Nhapwa inokurumidza, kuti isunungurwe, uye nokuti isafire mugomba, uye nokuti isashaye kudya.

15 Asi ndini Ishe Mwari wenyu, vane “masai-sai akatinhira; Ishe veHondo ndiro zita rangu.

4a KANA kudzidzisa, dzidziso. Isa. 2:3.
NKM Vhangeri.
b NKM Chiedza, Chiedza chaKristu.
5a NKM Ruponeso.
b 2 Ni. 10:20.
6a II Pet. 3:10.

b CHIHEB paradzirwa. Mpi. 102:25-27.
c CHIHEB wora.
7a Mpi. 56:4, 11; D&Z 122:9.
9a D&Z 113:7-8.
10a Isa. 35:8.
11a NKM Akanunura.

b Isa. 35:10.
c Zvaka. 21:4.
12a D&Z 133:47; 136:22.
b Jer. 1:8.
c Isa. 40:6-8;
I Pet. 1:24.
13a Jer. 23:27.
15a I Ni. 4:2.

16 Uye ndaisa mazwi angu mumuromo wako, uye ndikakuputira nemumvuri weruoko rwangu, kuti ndidyare denga nokuisa hwaro hwenyika, uye ndoti kuna Zion: Tarisai, muri “vanhu vangu.

17 Mukai, mukai, simukai, imi Jerusarema, makanwa muruoko rwaIshe ^amukombe ^bwehasha dzake—makanwa masose anodzdzerekesa emukombe waka-svinwa—

18 Uye hapana wekumutun-gamirira pakati pevana vake vose vaakabereka; kana wekumubata ruoko, pavana vose vaakabereka.

19 Ava ^avanakomana vaviri vauya kwauri, ndiani achakunzwira tsitsi—kusuwa kwako nekuparadzwa, uye nzara nemunondo—uye ndinokunyaradza nani?

20 Vanakomana vako vakapfuzika, kunze kweava vaviri; vavete pakatangira migwagwa pose; segono remhuka yesango yabatwa mumambure, vazere nehasha dzaIshe, kutuka kwaMwari vako.

21 Naizvozvo zvino inzwai izvi, imi munotambudzwa, ^amarkaradza, uye kwete newaini:

22 Ndiko kutaura kwaIshe vako, Ishe uye Mwari vako ^avanochemera nyaya dzevanhu vavo; tarisai, ndabvisa muruoko rwako mukombe wekundendera, masose emumukombe

wehasha dzangu; hauchazounwa zvakare.

23 Asi ^andichauisa mumaoko eavo vanokutambudza; vakati kumweya wako: Kotama, kuti tiende nepamusoro pako—uye wakarara pasi ukave nzira yeavo vakaenda nepamusoro pako.

24 ^aMuka, muka, pfeka ^bsimba rako iwe ^cZioni; pfeka nhumbi dzako dzinoyevedza iwe Jerusarema, guta dzvene; nokuti kubvira zvino mauri ^dhamuchazouya vasina kudzingiswa uye kana vasina kuchena.

25 Zvizunze kubva muguruva; ^asimuka, gara pasi iwe Jerusarema; zvisunungure ^bmumajoto ari muhuro mako, iwe nhapwa mwanasikana weZioni.

CHITSAUKO 9

MaJuda achaungana munyika dzavo dzose dzechipikirwa—Rudzikinuro rwunoripira vanhu kubva muKupunzika—Miviri yaavo vakafa ichamuka kubva mumakuva, mweya yavo ichabva kugehena nomuparadiso—Vachatongwa—Rudzikinuro rwunoponesa kubva parufu, gehena, dhiabhorosi, nokurwadziwa kusingaperi—Vatsvene vanozoponeswa muumambo hwaMwari—Kurangwa kwezvivi kunopiwa—Mutsvene waIsraeri ndiye muchengeti wapamusuo. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

16a 2 Ni. 3:9; 29:14.

17a Isa. 29:9; Jer. 25:15.

b Ruka 21:24.

19a Zvaka. 11:3.

21a 2 Ni. 27:4.

22a Jer. 50:34.

23a Zek. 12:9.

24a Isa. 52:1–2.

b D&Z 113:7–8.

c NKM Zioni.

d Joere 3:17.

25a NEMAMWE MAZWI

Muka kubva muhuruva ugare pasi muhunhu, wanunurwa zvino. b D&Z 113:9–10.

UYE zvino, hama dzangu dzinodiwa, ndaverenga zvinhu izvi kuti muzive maererano “nezvibvumirano zvaIshe zvakabvumirana neveimba yose yavaIsraeri—

2 Kutu vakataura kumaJuda, nomuromo wovaporofita vavo vatsvene, kubvira pakutangisa, kubva kuzvizvarwa nezvizvarwa, kusvikira panguva “yazvichadzorerwa kucheche nedanga rechokwadi raMwari; apo ^bvachaungana kumusha ^cmunyika dzenhaka yavo, vachiiswa vose munyika dzavakavimbiswa.

3 Tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ndinotaura kwamuri zvinhu izvi kuti mufare, kuti “musimudze misoro yenyu nokusingaperi, nokuda kwamakomborero ayo Ishe Mwari avachapa kuvana venyu.

4 Nokuti ndinoziva kuti matsvaga zvikuru, vazhinji venyu, kuti muzive zvinhu zvichauya; saka ndinoziva kuti munoziva kuti nyama yedu ichaparadzwa igofa; zvisinei, “nemiviri yedu tichaona Mwari.

5 Hongu, ndinoziva kuti munoziva kuti mumuviri achazviratidza iye kuna avo vari Jerusarema, kwatakabva; nokuti

chinhu chinofanira kuitwa pakati pavo; nokuti zvinofadza “Musiki mukuru kuti ave somunhu munyama, uye agofira vanhu ^bvose, kuti vanhu vose vagava pasi pake.

6 Nokuti sezvo rufu rwuri pamunhu wose, kuti kuzadzikiswe “kuronga kwetsitsi kwoMusiki, panofanirwa kunge paine simba ^brokumutswa kwavakafa, uye kumutswa kwavakafa kunofanirwa kuuya kumunhu nokuda kwechikonzero ^cchokupunzika; kupunzika kwakauya nechikonzero chokutadza; uye nokuti munhu akapunzika ^dakabviswa pamberi paIshe.

7 Naizvozvo, “rudzikinuro rwakafanira kunge rwuri ^brwusingaverengeke—asi kana rudzikinuro rwusiri rwusingaverengeke harwungakwanise kuti kuora kusave kuora. Naizvozvo, kutongwa ^ckwekutanga kwakauya kumunhu kwaifanira ^dkugara nokusingapere. Uye kana zvakadaro, nyama iyi yakafanira kuora ichidzokera kuvhu kwayakabva, isingazomukazve.

8 ^aHuchenjeri hwaMwari, ^btsitsi ^cnenyasha dzavo! Nokuti

9 1a NKM Chibvumirano chaAbrahama.

2a 2 Ni. 6:11.

NKM Kudzorerwa pakare kweVhangeri.

b NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa Israeri.

c 2 Ni. 10:7-8.

NKM Nyika yeChipikirwa.

3a DJS, Mpi. 24:7-10.

4a Jobo 19:26;

Aruma 11:41-45;
42:23;

Hir. 14:15;

Morm. 9:13.

5a NKM Sika.

b Joh. 12:32;

2 Ni. 26:24;

3 Ni. 27:14-15.

6a NKM Kumuka

Kuvakafa.

b NKM Hurongwa

hweRununuro.

c NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

d 2 Ni. 2:5.

7a Aruma 34:10.

b NKM Dzikinura.

c Mosaya 16:4-5;

Aruma 42:6, 9, 14.

d Mosaya 15:19.

8a Jobo 12:13;

Abr. 3:21.

NKM Ungwaru.

b NKM Anetsitsi.

c NKM Nyasha.

tarisai, dai ^anyama ikasamuka zvakare mweya yedu ichava seyengirozi iya ^eyakapunzika kubva kuna Mwari Vokusingaperi, ikazova ^fdhiabhorosi, kuti isazomuka zvakare.

9 Uye mweya yedu inenge yave kuita saiye, tave vana dhiabhorosi, ^angirozi dzadhiabhorosi kunadhiabhorosi, kuti ^btipfigirwe kunze kubva kuna Mwari vedu, tigogara nababa ^cvenhema, mukusuwa saiye, hongu, kuna iye ^dakanyengedza vabereki vedu vokutanga, ^eanozvishandura akange achaita ^fsengirozi yechiedza, anofurira vana vevanhu kupinda muzvikwata ^gzvemuruvande zveumhondi nekuita ose mabasa akaipa erima.

10 Mwari wedu vakanaka sei, vanotigadzirira nzira yokutiza nayo chipuka chinotyisa; hongu, chipuka ichi, ^arufu ^bnegehena, zvandinoti rufu rwomuviri, uye norufu rwo-mweya.

11 Uye nokuda ^akwekusunungurwa kwedu naMwari vedu, Mutsvene waIsraeri, ^brufu urwu, rwandakataura pamusoro parwo, rwuri rwenguva duku,

rwuchaburitsa vakafa varwo; rufu rwacho rwuri guva.

12 Uye ^arufu urwu rwandataura, kunova kufa pamweya, rwuchaburitsa vakafa varwo; kufa pamweya uku ^bigehena; nainzvozo, rufu negehena zvinofanira kuburitsa vakafa varwo, gehena rinofanira kuburitsawo mweya yakabatwa pausungwa, uye guva rinofanira kuburitsawo miviri iri pausungwa, uye miviri ^cnemweya yavanhu ^dichadzorerwa pakare; rinova simba rokumuka kuna vakafa kwakaitwa noMutsvene waIsraeri.

13 ^aKuronga kwaMwari kukuru sei! Nokuti kune rumwe rutivi, ^bparadiso yaMwari inofanira kuburitsa mweya yevatsvene, guva richiburitsa miviri yevatsvene; mweya nemiviri ^cichadzorerwa pakare zvakare, uye vanhu vanenge vasisata-dze kana ^dkufa, vava mweya mipenyu, vaine ^eruzivo ^frwakakwana sezvatiri munyama, mutsauko uri wekuti ruzivo rwedu rwunenge rwurirwuzere.

14 Nokudaro, tichava ^anoruzivo rwakakwana ^brwokutadza kwedu kwose, nokusachena

8d D&Z 93:33-34.

e Isa. 14:12;

2 Ni. 2:17-18;

Mos. 4:3-4;

Abr. 3:27-28.

f NKM Dhiabhorosi.

9a Jak. 3:11;

Aruma 5:25, 39.

b Zvaka. 12:7-9.

c NKM Kunyepa.

d Gen. 3:1-13;

Mosaya 16:3;

Mos. 4:5-19.

e II VaKori. 11:14;

Aruma 30:53.

f D&Z 129:8.

g NKM Huranganwa

hwemuruvande.

10a Mosaya 16:7-8;

Aruma 42:6-15.

b NKM Gehena.

11a NKM Mununuri.

b NKM Rufu,

rwenyama.

12a NKM Rufu,

rweMweya.

b D&Z 76:81-85.

c NKM Mweya.

d NKM Kumuka

Kuvakafa.

13a NKM Hurongwa

hweRununuro.

b D&Z 138:14-19.

NKM Paradiso.

c Aruma 11:43.

d NKM Asingafe.

e D&Z 130:18-19.

f NKM Kukwana.

14a Mosaya 3:25;

Aruma 5:18.

b NKM Mhosva,

Kuva ne.

kwedu, ‘nokusasimira kwedu; uye vakarurama vachave noruzivo rwakakwana mukufara kwavo, ^anokururama kwavo, ‘vachashongedzwa ^fnoutsvene, hongu, uye kana ^gnguwo dzokururama.

15 Uye zvichaitika kuti kana vanhu vose vabva murufu rwokutanga kuenda muupenyu, uye vasisazofa, vanofanirwa kuuya pachigaro ‘chokutongwa choMutsvene waIsraeri; kwozouya ^bkutongwa, maerano nekutonga kutsvene kwaMwari.

16 Zvechokwadi, sokurarama kunoita Ishe, Ishe Mwari vakazvitaure, uye ^aizwi ravo ^brekusingaperi, iro risingafe, kuti avo vatsvene vachava vatsvene, avo vane ^ctsvina vachangova vane ^dtsvina; nokudaro, avo vane tsvina ^endidhiabhorosi nengirozi dzake; vachaenda kumoto ^fusingaperi; wakagadzirirwa ivo; kurwadziwa kwavo kunenge ^gdziva romoto nesuriferi, rimi racho rinokwira kudenga risingagumi.

17 Ukuru ^anokutonga kwakana kwaMwari vedu! Nokuti zvavanenge vataura nemuromo wavo vanozviita, uye zvakabva

muromo mavo, uye mutemo wavo unofanira kuzadzikiswa.

18 Asi tarisai, vakarurama, ^avatendi veMutsvene waIsraeri, avo vanotenda kune Mutsvene waIsraeri, avo vakatsungirira ^bmichinjikwa yenyika, vakashora kunyadzisa kwayo, vachadya ^cnhaka ^dyeumambo hwaMwari, hwavakagadzirirwa ^ekubvira pakutanga kwenyika, nokufara kwavo kuchave kwakazara ^fkusingaperi.

19 Kukura kwetsitsi dzaMwari wedu, Mutsvene waIsraeri! Nokuti ^aanobvisa vatendi vake kubva muchipuka ^bchakaipisa chiya dhiabhorosi, nemurufu, ^cnemugehena, nemudziva romoto nosuriferi kunova kurwadziwa kusingaperi.

20 Kukura ^akweutsvene hwaMwari vedu! Nokuti ^bvanoziva zvinhu zvose, uye hapana chimwe chinhu chavasingazive.

21 Uye vakauya panyika kuti ^avaponese vanhu vose kana vachinge vateerera shoko ravo; nokuti tarisai, vanatora kurwadziwa kwevanhu vose, hongu, ^bkurwadziwa kwechisikwa chose chipenyu, varume, vakadzi, nevana, vemhuri ^cyaAdama.

22 Uye vakabvuma kutambu-

14c Morm. 9:5.

d NKM Akarurama.

e Zir. 31:25.

f NKM Chakachena.

g D&Z 109:76.

15a NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

b Mpi. 19:9;

2 Ni. 30:9.

16a I Madz. 8:56;

D&Z 1:38; Mos. 1:4.

b D&Z 56:11.

c NKM Hutsvina.

d 1 Ni. 15:33–35;

Aruma 7:21;

Morm. 9:14;

D&Z 88:35.

e NKM Dhiabhorosi.

f Mosaya 27:28.

g Zvaka. 21:8;

2 Ni. 28:23;

D&Z 63:17.

17a NKM Yenzaniso.

18a NKM Mutendi.

b Ruka 14:27.

c D&Z 45:58; 84:38.

d NKM Rusimudzirwo.

e Aruma 13:3.

f NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

19a D&Z 108:8.

b 1 Ni. 15:35.

c NKM Gehena.

20a NKM Hutsvene.

b Aruma 26:35;

D&Z 38:2.

21a NKM Ruponeso.

b D&Z 18:11; 19:18.

c NKM Adama.

dzika uku kuti vanhu vagomuka kuvakafa, kuti vose vagomira pamberi pavo musu wezuva guru rokutongwa.

23 Uye vakaraira vanhu vose kuti ^avatendeuke, ^bvagobhabhatidzwa muzita ravo, vaine kutenda kuzere muMutsvene waIsraeri, nokuti havangaponeswe muumambo hwaMwari.

24 Uye kana vasingatendeuke nokutenda ^amuzita ravo, noku-bhabhatidzwa muzita ravo, ^bnokushingirira kusvikira kumagumo, vanofanirwa ^ckuraswa; nokuti Ishe Mwari, Mutsvene waIsraeri, vakazvitura.

25 Naizvozvo, vakavapa ^amutemo; uye ^bpasina mutemo wapiwa hapana kurangwa; uye pasina kurangwa hapana kuraswa; apo pasina kuraswa tsitsi dzoMutsvene waIsraeri dzichave pavari, nenzira yerudzikinuro; nokuti vakaponeswa nesimba rake.

26 Nokuti ^arudzikinuro rwunogutsa zvinodiwa ^bnekutonga kwake kwakanaka kuna avo vose ^cvasina kupiwa ^dmutemo, kuti vachaponeswa kuchipuka icho chinotyisa, rufu negehena, nadhiabhorosi, nedziva romoto nesuriferi, kunova kurwadziwa

kusingaperi; uye vachidzororwa kuna Mwari vakavapa ^emweya wekufema, vanova Mutsvene waIsraeri.

27 Asi nhamo kune akapiwa ^amutemo, hongu, uyo ane mitemo yose yaMwari, sezvatakaita isu, agosaiteerera, uye agotambisa mazuva ake ekuedzwa, nokuti zvinhu zvake kuipa kwazvo kunotyisa!

28 ^aZano rokunyengedza kwowakaipa! ^bKushaya maturo, neurema hwavanhu! Kana ^cvadzidza vanofunga kuti ^dvachenjera, havachateerera ^ekuraira kwaMwari, nokuti vanobva vazviisa parutivi, vachifunga kuti ivovave kuziva, asika, kuziva kwavo hubenzi hakuna chakunovapa. Vachatsakatika.

29 Asi kudzidza kwakanaka kana ^avachiteerera ^bkuraira kwaMwari.

30 Asi nhamo iri ^akuvapfumi, avo vakapfuma muzvinhu zvenyika. Nokuti vapfumi saka vanoshora ^bvarombo, uye vanotambudza vakapfava, uye mwoyo yavo iri papfuma yavo; nokudaro, upfumi hwavo ndiye mwari wavo. Uye tarisai upfumi hwavo huchaparara pamwe navo.

23a NKM Rutendeuko.

b NKM Bhabhatidza.

24a NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

b NKM Tsungirira.

c NKM Kuraswa.

25a Jkb. 4:17.

NKM Mutemo.

b VaR. 4:15;

2 Ni. 2:13; Aruma

42:12–24.

NKM Kudavira.

26a 2 Ni. 2:10;

Aruma 34:15–16.

NKM Dzikinura.

b NKM Yenzaniso.

c Mosaya 3:11.

d Mosaya 15:24;

D&Z 137:7.

e Gen. 2:7; D&Z 93:33;

Abr. 5:7.

27a Ruka 12:47–48.

28a Aruma 28:13.

b NKM Chisina Maturo.

c Ruka 16:15;

2 Ni. 26:20; 28:4, 15.

d Zir. 14:6; Jer. 8:8–9;

VaR. 1:22.

NKM Kudada;

Ungwaru.

e Aruma 37:12.

NKM Rairo.

29a 2 Ni. 28:26.

b Jak. 4:10.

30a Ruka 12:34;

I Tim. 6:10;

D&Z 56:16.

b NKM Murombo.

31 Uye nhamo kumatsi dzisingadi “kuzwa; nokuti dzichafa.

32 Nhamo kumapofu asingade kuona; nokuti achafawo.

33 Nhamo kuna avo vasina kudzingiswa pamwoyo, nokuti ruzivo rwokutadza kwavo rwuchavarova pazuva rokupe-dzisira.

34 Nhamo “kumunyepi, nokuti achakandwa ^bmugehena.

35 Nhamo kune uyo “anoponda achida, iyewo ^bachafa.

36 Nhamo kune avo vanoita “upombwe, naivo vachakandwa mugehena.

37 Hongu, nhamo kune avo vanonamata “zvifananidzo, nokuti dhiabhorosi waanadhi-abhorosi vose anofara navo.

38 Uye muchidimbu, nhamo kuna avo vose vanofira muzvivi zvavo; nokuti “vachadzokera kuna Mwari, voona chiso chavo, voramba vari muzvivi zvavo.

39 Hama dzangu dzinodiwa, rangarirai kuipa mukutadzira Mwari Mutsvene, uyewo kuipa kwekubvumira kukwezva kwaiyeyo “munyengedzi. Rangarirai kufunga ^bzvenyama ^crufu, asi zvemweya kufunga ^dupenyu ^ehwokusingaperi.

40 Hama dzangu dzinodiwa, ipai nzeve kumazwi angu. Rangarirai ukuru hweMutsvene waIsraeri. Musati ndakataura zvinhu zvakaoma kwamuri; nokuti mukadaro, munenge matuka “chokwadi, nokuti ndataura mazwi oMusiki venyu. Ndinoziva kuti mazwi echo-kwadi ^bakaoma pane zvinhu zvose zvine tsvina; asi vatsvene havaatyekwete, nokuti vanoda chokwadi uye havazunguzuke.

41 Zvino hama dzinodiwa, “uyai kuna Ishe, Mutsvene. Rangarirai kuti nzira dzavo itsvene. Tarisai, ^bnzira yomunhu ^cyakamanika, asi inofamba yakatwasanuka pamberi pavo, uye muchengeti ^dwapamusuwo ndivo Mutsvene waIsraeri; uye havashandise musevenzi ipapo; uye hakuna imwe nzira kunze kwapamusuwo; nokuti haanganyengedzwi, nokuti Ishe Mwari ndiro zita rake.

42 Uye uyo anogugudza, ndiye anozururirwa; “vachenjeri, nevakadzidza, naavo vapfumi, ^bvanzvikudza nokudzidza kwavo, nouchenjeri, noupfumi hwavo—hongu, ivavo ndivo vavakashora; kunze kwokunge

31a Ezk. 33:30–33;

Mat. 11:15;

Mosaya 26:28;

D&Z 1:2, 11, 14;

Mos. 6:27.

34a Zir. 19:9.

NKM Anovimbika;

Kunyepa.

^b NKM Gehena.

35a Eks. 20:13;

Mosaya 13:21.

^b NKM Kuranga nerufu.

36a 3 Ni. 12:27–29.

NKM Hunhu.

37a NKM Kunamata

Zvifananidzo.

38a Aruma 40:11, 13.

39a 2 Ni. 28:20–22; 32:8;

Mosaya 2:32; 4:14;

Aruma 30:53.

^b VaR. 8:6.

NKM Zvenyama.

^c NKM Rufu, rweMweya.

^d Zir. 11:19.

^e NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

40a NKM Chokwadi.

^b 1 Ni. 16:2;

2 Ni. 28:28; 33:5.

41a 1 Ni. 6:4; Jak. 1:7;

Omu. 1:26;

Moro. 10:30–32.

^b 2 Ni. 31:17–21;

Aruma 37:46;

D&Z 132:22, 25.

^c Ruka 13:24; 2 Ni. 33:9;

Hir. 3:29–30.

^d 2 Ni. 31:9, 17–18;

3 Ni. 14:13–14;

D&Z 43:7; 137:2.

42a Mat. 11:25.

^b NKM Kudada.

varasa zvinhu izvi, vozviita ‘marema pamberi paMwari, nokuzviunza pasi-pasi “poku-zvininipisa, havazovazururira.

43 Asi zvinhu zvavachenjeri nevanoziva “zvichazovigwa kubva kwavari nokusingaperi—hongu, uyo mufaro wakagadzirirwa vatendi.

44 Hama dzangu dzinodiwa, rangarirai mazwi angu. Tarisai, ndinobvisa nguwo dzangu, ndodzizunza pamberi penyu; ndinonamata kuna Mwari voruponeso kuti vanditarise neziso “rakapinza; nokudaro, muchaziva nezuva rokupedzisira, apo vanhu vose vachatongwa namabasa avo, kuti Mwari waIsraeri vachapupura kuti ^bndakazunza kuipa kwenyu kubva pamweya wangu, zve kuti ndinomira nechiedza pamberi pake, ‘ndisina ropa renyu.

45 Hama dzangu dzinodiwa, tendeukai kubva muzvivi zvenyu; zunzai “ngetani idzo dzakakusungai; uyai kuna Mwari ^bdombo roruponeso rwenyu.

46 Gadzirirai mweya yenyu zuva rokubwinya iro “kutonga kwakanaka kuchaitwa kuvatsvene, kunyange zuva ^broktongwa, kuti musazvipeta nokutya; kuti musarangerire ‘mhosva dzenyu mune zvakanwana, mozotunhwa kuti mutaure muchiti: Kutsvene,

kutsvene kutonga kwenyu kutsvene, Ishe Mwari “Samasi-mba—asi ndinoziva kutadza kwangu; ndakatadza mirairo yenyu, kutadza kwacho ndokwangu; dhiabhorosi akanditora, saka ndiri nyama yekuipa kwake.

47 Asi tarisai hama dzangu, ko ndinofanira here kukumutsai kuti muone pachena zvinhu izvi? Ndingarwadzise here mwoyo yenyu kana pfungwa dzenyu dziri tsvene? Ndingataure zviri pachena here maererano nokutaura chokwadi dai manga makasununguka kubva muzvivi?

48 Tarisai, dai manga muri vatsvene ndaitaura kwamuri pamusana poutsvene; sezvo musiri vatsvene, muchitarisira kwandiri somudzidzisi, ndinofanira “kukudzidzisi pamusana pedambudziko ^brechivi.

49 Tarisai, mweya wangu unovenga chivi, mwoyo wangu unofadzwa noutsvene, uye “ndicharumbidza zita dzvene raMwari wangu.

50 Uyai hama dzangu, uyo wose ane nyota, uyai kune “mvura; uyo asina mari, uyai mutenge mudye; hongu, uyai mutenge waini nomukaka zvisina ^bmari uye zvisina mutengo.

51 Nokudaro, musaparadze mari pazvinhu zvisingakodzeri, kana ^asimba renyu nezvisinga-

42c I VaKori. 3:18–21.

d NKM Akazvininipisa.

43a I VaKori. 2:9–16.

44a Jak. 2:10.

b Jak. 1:19.

c Jak. 2:2; Mosaya 2:28.

45a 2 Ni. 28:22;

Aruma 36:18.

b NKM Ibwe.

46a NKM Yenzaniso.

b NKM Kutonga, Kwepedzisira.

c Mosaya 3:25.

d 1 Ni. 1:14; Mos. 2:1.

48a Aruma 37:32.

b NKM Chitadzo.

49a 1 Ni. 18:16.

50a NKM Mvura yeUpenyu.

b Aruma 42:27.

51a Isa. 55:1–2.

gutsi. Teereresai nesimba kwandiri, murangarire mazwi andakataura; muuye kune Mutsvene walsraeri, muite ^bmabiko kune icho chisingafi, kana kuipiswa, asi kuti mweya ufare mukukora.

52 Tarisai hama dzangu dzinodiwa, rangarirai mazwi aMwari yenyu; namatai kwaari kusingaperi pazuva, “nokutenda kuzitaravo dzvene usiku. Mwoyo yenyu ngaifare.

53 Uye tarisai kuti “zvibvumirano zvalshe zvikuru sei, uye kukura kwekuzvideredza kwavo kuvana vevanhu; nokuda kwokuru hwavo nyasha ^bnetsitsi dzavo, vakativimbisa kuti mbeu yedu haizoparadzwa zvachose, munyama, asi kuti vachavachengetedza; zvizvarwa zvichauya zvichava ^abazi dzvene reimba yaIsraeri.

54 Uye zvino, hama dzangu, ndingadai ndataura kwamuri zvakawanda, asi mangwana ndichataura mazwi andasiya nhasi. Amenii.

CHITSAUKO 10

MaJuda acharovera pamuchinjikwa Mwari vavo — Vachapararira kudakara vatangisa kutendakwavari — America ichave nyika yerusununguko isina mambo anotonga —

Wadzanai naMwari uye mugowana ruponeso kuburikidza nyenyasha dzake. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Jakobho, ndinataura kwamuri zvakare, hama dzangu dzinodiwa, pamusoro ^apebazi rakarurama iri randa-taura.

2 Nokuti tarisai, “zvivimbiso zvatakawana zvivimbiso zvaka-itwa kwatiri maererano nezvenyama; nokudaro, sezvo zvakaradidzwa kwandiri kuti ruzhinji rwevana vedu rwuchafira mune zvenyama nenzira yekusatenda, zvakadaro, Mwari vachanzwira tsitsi kuvazhinji; uye vana vedu vachaponeswa, kuti vazouya kune icho chichavapa ruzivo rwakakwana rwechokwadi rweMununuri wavo.

3 Nokudaro, sekutaura kwandaita kwamuri, zvinofanira kuti Kristu — nokuti mauro ^angirozi yakandiudza kuti ndiro rakafanira kuve zita rake — ^banouya pakati pemaJuda, pakati peavo vakanyanya kuve vakapamunyika; uye ^cvachamurovera pamuchinjikwa — nokuti ndizvo zvinofadza Mwari vedu, uye hakunazve rumwe rudzi panyika ^drwungarovere pamuchinjikwa ^eMwari vavo.

4 Nokuti kana ^azvishamiso

51b 2 Ni. 31:20; 32:3;
3 Ni. 12:6.

52a NKM Kupakutendo.

53a NKM Chibvumirano.

^b NKM Anetsitsi.

^c NKM Munda

wemizambiringa
walshe.

10 1a 1 Ni. 15:12–16;

2 Ni. 3:5;
Jak. 5:43–45.

2a 1 Ni. 22:8;

3 Ni. 5:21–26; 21:4–7.

3a 2 Ni. 25:19; Jak. 7:5;

Moro. 7:22.

^b NKM Jesu Kristu—
Zviporofita

nezvekuvarwa uye

nerufu rwaJesu
Kristu.

^c 1 Ni. 11:33;

Mosaya 3:9;

D&Z 45:52–53.

^d Ruka 23:20–24.

^e 1 Ni. 19:10.

4a NKM Chishamiso.

zvikuru zvakaitwa pakati pemawe marudzi, vangatendeuke, uye vagoziva kuti ndiye Mwari wavo.

5 Asi nenzira “yehupirisita husakarurama nezvitema, avo vari Jerusarema vachaomesa mitsipa yavo vachimurwisa, kuti aroverwe pamuchinjikwa.

6 Nokudaro, nenzira yezvitema zvavo, kuparadzwa, nzara, zvirwere, uye kudeuka kweropa kuchauya pavari; uye avo vasingazoparadzwa “vachaparadzirwa pakati pamarudzi ose.

7 Asi tarisai, ndiko kutaure “kwaIshe Mwari: ^bKana zuva rasvika rekuti vatende mandiri, kuti ndini Kristu, saka ndakabvumirana nemadzibaba avo kuti vachadzorerwa munyama, pasi, kunyika yenhaka yavo.

8 Uye zvichaitika kuti “vachunganganidzwa kubva kwavakanga vakapararira kwenguva huru, kubva ^bmuzvitsuwa zvegungwa, nemumativi mana enyika, uye marudzi emaJentairi achave makuru mumaziso angu, vanodaro Mwari, ‘mukuvatakura vachienda navo kunyika dzenhaka.

9 “Hongu, madzimambo emaJentairi ndivo vachave madzibaba ekubarera, uye madzima-

mbokadzi avo ndivo vachave vareri vavo; nokudaro, ^bzvivimbiso naIshe kumaJentairi zvikuru, nokuti vakazvitaura, uye ndiani angazvipikise?

10 Asi tarisai, nyika ino, vanodaro Mwari, ichave nyika yenhaka yenyu, uye “maJentairi vacharopafadzwa pamusoro payo.

11 Uye nyika ino ichave nyika “yerusununguko kumaJentairi, uye haichazove ^bnemadzimambo enyika, vachamukirana nemaJentairi.

12 Uye ndichadzivirira nyika ino kune mamwe marudzi ose.

13 Uye uyo “anorwisa Zioni ^bachafa, vanodaro Mwari.

14 Nokuti uyo achamutsa mambo kuti andirwise achafa, nokuti ini Ishe “mambo wedenga, ndichave mambo vavo, uye ndichave ^bchiedza kwavari narinhi, avo vanonzwa mazwi angu.

15 Nokudaro, nenzira yezvivi, kuti “zvibvumirano zvangu zvizadzikiswe zvandakaita kuvana vevanhu, kuti ndinozozviita kwavari vari munyama, ndakafanira kuparadza mabasa ^bakavanda ‘erima, neekupondana, neekuipa.

16 Nokudaro, uyo acharwisa “Zioni, kana muJuda uye kana

5a Ruka 22:2.
NKM Unyengeri
hwehupirisita.

6a 1 Ni. 19:13–14.
NKM Israeri—
Kupararira kwa
Israeri.

7a NKM Ishe.
b 2 Ni. 25:16–17.

8a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

b 1 Ni. 22:4;
2 Ni. 10:20–22;
D&Z 133:8.

c 1 Ni. 22:8.
9a Isa. 49:22–23.
b 1 Ni. 22:8–9;
D&Z 3:19–20.

10a 2 Ni. 6:12.
11a NKM Kusununguka.
b Mosaya 29:31–32.
13a 1 Ni. 22:14, 19.
b Isa. 60:12.

14a Aruma 5:50;
D&Z 38:21–22;
128:22–23; Mos. 7:53.

b NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

15a NKM Chibvumirano.
b Hir. 3:23.
NKM Huranganwa
hwemurumuna.

c NKM Rima,
zveMweya.

16a NKM Zioni.

muJentairi, musungwa neaka-sununguka, murume kana mukadzi, vachafa; nokuti ^bivava ndivo pfambi dzepasi pose; nokuti ^cavo ^dvasiri kwandiri vari ^ekurwisana neni, vanodaro Mwari vedu.

17 Nokuti ^andichazadzikisa zvandakavimbisa vana vevanhu, zvandakati ndinovaitira vachiri vapenyu—

18 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, ndiko kutaura kunoita Mwari vedu: Ndichatambudza mbeu yenyu neruoko rwemaJentairi; zvakadaro, ndichapfaviswa mwoyo ^ayemaJentairi, kuti vaite sababa kwavari; nokudaro, maJentairi ^bvacharopafadzwa uye ^cvagoverengerwa pamwechete nevemba yaIsraeri.

19 Nokudaro, ^andichagadzirira nyika ino mbeu yako, neavo vachaverengerwa kumbeu yako, narinhi, kuti ive nyika yenhaka yavo; nokuti inyika yakanaka, vanodaro Mwari kwandiri, kupfuura dzimwe nyika dzose, nokudaro ndichaita kuti vose vanhu vanogaramo vandinamate, vanodaro Mwari.

20 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, sekuona kwatiri kuita kuti Mwari vedu vetsitsi vatipa ruzivo rwukuru maere-

rano nezvinhu izvi, ngativarangerirei, tosendeka zvitema zvedu, torega kutsikitsira pasi, nokuti hatina kutandwa; zvakadaro, ^atakatinhwa tichibviswa munyika yenhaka yedu; asi takatungamirirwa kunyika iri ^bnani, nokuti Ishe akaita gungwa rive ^cnzira yedu, uye tiri ^dpakatsuwa kekungwa.

21 Asi zvikuru zvakavimbiswa naIshe kune avo vagere ^apazvitsuwa zvekungwa; nokudaro sezvo zvichinzi zvitsuwa, zvinoreva kuti zvakawanda kupfura apa, uye zvakagarwawo nehama dzedu.

22 Nokuti tarisai, Ishe Mwari nguva nenguva ^avanotungamirira imba yaIsraeri kwavanoda, maererano nezvinovafadza nekuda kwavo. Uye zvino tarisai, Ishe vanoyeuka vose vakatsauka, nokudaro vanotiyekawo nesu.

23 Naizvozvo, farai mumwoyo menyu, uye muyeuke kuti ^amakasununguka ^bkuita zvamunoda—^ckusarudza nzira yerufu rwusingaperi kana nzira yeupepenyu hwokusingaperi.

24 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, wadzanai nechidochiMwari, uye kwete kuda kwadhiahhorosi nekwenyama; uye muyeuke, mushure mekunge

16b 1 Ni. 13:4–5.

c 1 Ni. 14:10.

d 1 Ni. 22:13–23;

2 Ni. 28:15–32;

3 Ni. 16:8–15; Eta 2:9.

e Mat. 12:30.

17a D&Z 1:38.

18a Ruka 13:28–30;

D&Z 45:7–30.

b VaE. 3:6.

c VaG. 3:7, 29;

1 Ni. 14:1–2;

3 Ni. 16:13; 21:6, 22;

30:2;

Abr. 2:9–11.

19a 2 Ni. 3:2.

20a 1 Ni. 2:1–4.

b 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

c 1 Ni. 18:5–23.

d Isa. 11:10–12.

21a 1 Ni. 19:15–16; 22:4.

22a 1 Ni. 22:4.

23a NKM Kuzvisarudzira.

b 2 Ni. 2:16.

c Deut. 30:19.

mawadzana naMwari, kuti chete “nyasha dzaMwari ndidzo dzinoita kuti ^bmuponeswe.

25 Nokudaro, Mwari angakumutsei kubva murufu nesimba rekumutswa kwavakafa, nemurufu rwusingaperi nesimba “rerudzikinuro, kuti mugogashirwa muumambo hwokusisingaperi hwaMwari, kuti mugovarumbidza kuburikidza nenyasha tsvene. Amenii.

CHITSAUKO 11

Jakobho akaona Mununuri wake—Murau waMosesi mucherechedzo waKristu uye unoratidza kuti achauya. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, “Jakobho akataura zvinhu zvizhinji kuvanhu vekwangu panguva iyoyo; zvakadaro zvinhu izvi ndizvo chete zvandaita kuti ^bzvinyorwe, nokuti zvinhu zvandanyora zvinondikwanira.

2 Uye zvino, ini Nifai, ndinonyora mazwi mazhinji “aIsaya, nokuti mweya wangu unofadzwa nemazwi ake. Nokuti ndichafananidza mazwi ake nevanhu vekwangu, uye ndigoatumira kuvana vangu vose, nokuti zvirokwasvo akaona ^bMununuri wangu, sekumuona kwandakamuita.

3 Nemunin’ina wangu Jakobho, “akamuonawo sokumuona kwandakaita; nokudaro, ndichatumira mazwi avo kuvana vangu kuti vaone kuti mazwi angu ndeekwokwadi. Nokudaro, nemazwi ^bevatatu, Mwari vakati, ndichamisa shoko rangu. Zvakadaro, Mwari vanotumira vamwe vapupuri vakawanda, nekuzadzikisa mazwi avo ose.

4 Tarisai, mweya wangu unofara kuti “ndiratidze kuvanhu vekwangu chokwadi ^bchekuuya kwaKristu; nokuti, nenziya yechikonzero ichi kwakapiwa “mutemo waMosesi; uye zvose zvinhu zvakapiwa naMwari kubvira pakutanga kwenyika, kuvanhu, zvinoratidza mucherechedzo wake.

5 Uye mweya wangu unofarawo “nezvibvumirano zvalshe zvakakaita kumadzibaba edu; hongu, mweya wangu unofadzwa nenyasha dzavo, nemukutonga kwavo kwakanaka, nesimba, netsitsi muzano guru nechirongwa chekusingaperi chekubviswa murufu.

6 Uye mweya wangu unofadzwa mukuratidza vanhu vekwangu kuti “kunze kwekunge Kristu auya vanhu vose vanofa.

7 Nokuti kana “kusina Kristu kana Mwari hakuna; uye kana kusina Mwari isu hatipo, nokuti hakwaikwanisa kuve ^bnekusi-

24a NKM Nyasha.
b NKM Ruponeso.
25a NKM Dzikinura.
11 1a 2 Ni. 6:1–10.
b 2 Ni. 31:1.
2a 3 Ni. 23:1.
b NKM Mununuri.

3a 2 Ni. 2:3; Jak. 7:5.
b 2 Ni. 27:12; Eta 5:2–4;
D&Z 5:11.
4a 2 Ni. 31:2.
b Jak. 4:5; Jar. 1:11;
Aruma 25:15–16;
Eta 12:19.

c 2 Ni. 5:10.
5a NKM Chibvumirano
chaAbrahamama.
6a Mosaya 3:15.
7a 2 Ni. 2:13.
b NKM Sika.

kwa. Asi kuna Mwari, uye ndi-Kristu, uye vanouya nekukwana kwenguva yavo.

8 Uye zvino ndave kunyora mamwe emazwi alsaya, kuti ani zvake wevanhu vekwangu vachaona mazwi aya vasimudze mwoyo yavo uye vagofara pamusana pemunhu wose. Zvino aya ndiwo mazwi, uye mungangoafananidza nemi nekune vamwe vanhu vose.

CHITSAUKO 12

Isaya anoona temberi yemazuva ekupedzisira, kuunganidzwa kwa-Israeleri, nekutonga kwechiuru chemakore nerunyararo — Vanodada nevakaipa vachaderedzwa muKuu-ya Kwechipiri — Enzanisai nalsaya 2. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

SHOKO iro “rakaonekwa ^bnalsaya mwanakomana waAmozi, riri maererano naJuda neJerusarema:

2 Uye zvichaitika kuti muma- zuva ekupedzisira, apo “gomo ^breimba yaIshe richamiswa pamusoro ^cpemakomo, uye richa- simudzirwa pamusoro pezvi-

komo zvose, uye ose marudzi achayererera kwairi.

3 Uye vanhu vazhinji vachae- nda uye vagoti, Uyai imi tiende kugomo ralshe, kumba yaMwari wajakobo; uye vachatidzidzisa nzira dzavo, uye “tichafamba munzira dzavo; nokuti muZioni ndimo muchabva ^bmutemo, neshoko ralshe kubva kuJeru- sarema.

4 Uye “vachatonga pakati pe- marudzi, uye vachatsiura va- nhu vazhinji: uye vachapfura minondo yavo kuti ive miromo yemagejo, uye mapfumo avo vachaita ekukwanhurisa miti— rudzi haruzosimudza munondo kubaya rwumwe rudzi, hava- zodzidza zvehondo zvakare.

5 Imi vemba yaJakobo, uyai imi uye tifambe muchiedza chaIshe; hongu, uyai nokuti mose “marasika, mumwe nomu- mwe munzira dzake dzakaipa.

6 Naizvozvo, imi Ishe masiya vanhu venyu, imba yaJakobo, nokuti “yakazadzwa nezveku- mabvazuva, uye vanoteerera zvinotaurwa nen’anga ^bsema- Firistia, uye ‘vanozvifadza nevana vevatorwa.

7 Nyika yavowo izere nesiri-

12 1a CHIHEB *khazah*,
zvichireva
“kuratidzirwa.”
Zvinoreva kuti Isaya
akagamuchira shoko
rake kuburikidza
nechiratidzo
chakabva kunaIshe.
b Zvitsauko zvalsaya
2–14 zvakatorwa
kubva
mumahwendafa
endarira naNifai
muna 2 Ni. 12–24;

pane kusiyana
mukurongwa
kwemazwi
kunofanirwa
kucherechedzwa.
2a Joere 3:17.
NKM Zioni.
b NKM Temberi, Imba
yaIshe.
c D&Z 49:25.
3a NKM Famba, Famba
naMwari.
b CHIHEB kudzidzisa,
kanadzidziso.

NKM Vhangeri.
4a 2 Ni. 21:2–9.
5a 2 Ni. 28:14;
Mosaya 14:6;
Aruma 5:37.
6a NEMAMWE MAZWI
vazadzwa, vapihwa
dzidziso, zvitendero
zvekunze.
Mpi. 106:35.
b NKM VaFiristia.
c CHIHEB kurovana
maoko ne, kana kuita
chibvumirano ne.

vha negoridhe, upfumi hwavo hauna magumo; nyika yavo izerewo nemahachi, kana ngoro dzavo hadziperi.

8 Nyika yavo izerewo “nezvifananidzo; vanonamata zvava-kaumba nemaoko avo, izvo zvakagadzirwa neminwe yavo.

9 Uye uyo munhu akazvidzika “haakotamise musoro, uye munhu mukuru haazvirereke, saka, musa muregerere.

10 Imi makaipa, pindai mudombwo, uye “muzvivige muguruva, nokuti kutya Ishe nokubwinya kweushe hwavo kuchakurovai.

11 Uye zvichaitika kuti kuzvikudza kwemunhu kuchanyadziswa, nekuzvikakanyadza kwevanhu kuchakoromorwa, uye Ishe voga ndivo vachakudzwa muzuva iroro.

12 Nokuti “zuva raIshe weHondo richasvika nokukurumidza kumarudzi ose, hongu, pamunhu wose; hongu, pane ^bvano-dada nevanozvikudza, nepane wose akasimudzirwa, achadzikiswa pasi.

13 Hongu, uye zuva raIshe richasvika pamiti yemisida yose yeRebanoni, nokuti yakareba nokukwirira; nepamusoro pemioku yose yeBashani;

14 Uye pamakomo ose marefu, nepazvikomo zvose, nepama-

rudzi ose akasimudzirwa, nepavanhu vose.

15 Uye nepanharire refu yose, nepashongwe yose yakakomberedzwa.

16 Uye nepangarava dzose “dzegungwa, nekungarava dzose dzeTarshisi, uye nepamifananidzo yose inofadza.

17 Uye kuzvikudza kwemunhu kuchaderedzwa pasi, nekuzvikakanyadza kwevanhu kuchaderedzwa; uye Ishe voga ndivo vachakudzwa muzuva “iroro.

18 Uye zvifananidzo vachazvipfuudza zvachose.

19 Uye vachaenda mumwena yematombo, nemumapako epasi, nokuti kutya Ishe kuchavabata nekubwinya kweushe hwavo kuchavarova, pavachasimuka kuti vazunze pasi!

20 Muzuva iroro munhu “acharasira zvifananidzo zvake zvesirivha, nezvifananidzo zvake zvegoridhe, zvaakazviitira kuti azvinamate, kunhuta neku-miremwa-remwa;

21 Kupinda mumitswi yematombo, nepamusoro pemabwe akatsemuka, nenzira yekutya kuti Ishe vachauya pamusoro pavo uye ushe hwembiri yavo huchavarova, kana vomuka kuzozunza nyika zvinotyisa.

8a NKM Kunamata
Zvifananidzo.

9a NEMAMWE MAZWI
akanamata
zvifananidzo
kunze kwaMwari.

10a Aruma 12:14.

12a NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

b Mara. 4:1; 2 Ni. 23:11;
D&Z 64:24.

16a RechiGiriki
(Septuagint) rine
mazwi asimo mune
rechiHeberu, uye
rechiHeberu rine
mazwi asimo mune

rechiGiriki; asi
2 Ni. 12:16 inawo ose.
Mpi. 48:7; Ezk. 27:25.

17a NEMAMWE MAZWI
zuva rekuuya
kwaIshe
mukubwinya.

20a CHIHEB kuraswa.

22 Ibvai “kumunhu, ane kufema kuri mumhuno dzake; nokuti ndepapi paachazivikanwawo?

CHITSAUKO 13

Juda neJerusarema dzicharangwa pamusana pekusateerera kwavo— Ishe vanotetererera uye vagotonganga vanhu vavo— Vanasikana veZioni vanotukwa nekunetswa nenzira yekuda kwavo zvinhu zvenyika— Enzanisai naIsaya 3. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

NOKUTI tarisai Ishe, Ishe veHondo, vanotorera Jerusarema, naJuda, musimboti nemudonzvo, musimboti wose wezvekudya, newose wemvura—

2 Gamba, nemurume wehondo, mutongi, nemuporofita, nevakachenjera, nevakuru;

3 Mutungamiri wemakumi mashanu, nemurume anokudzwa, nemakurukota, newemapiipi, uye anogona kutaura.

4 Uye ndichavapa vana kuti vave machinda avo, uye vacheche vachavatonga.

5 Uye vanhu vachadzvinyirirwa, wose nomumwe, uye wose newaakavakidzana naye; mwana achizvikudza kuna vakuru, uye akazvidzwa achazvikudza pane vanokudzwa.

6 Apo munhu achabata hama yake yemumba mababa vake,

uye agoti: Iwe une zvipfeko, iva mutongi wedu, uye usabvumire “kuparara uku kuti kuuye iwe uripo—

7 Muzuva iroro achapika, achiti: Handiite kuve “murapi; nokuti mumba mangu hamuna chingwa kana zvipfeko; regai kundiita mutongi wavanhu.

8 Nokuti Jerusarema “raparadzwa, uye Juda byapunzika, nokuti miromo yavo nemabasa avo airwisana naIshe, kutsamwisa meso okubwinya kwavo.

9 Kuratidzika kweusu hwavo kunoreva zvavari, uye kuchireva kuti chitema chavo chakafanana “necheSodoma, uye havangachivige. Nhamo kumweya yavo, nokuti vazvipa vega mubairo wechakaipa!

10 Itai kune vakarurama “zvakanaka kwavari; nokuti vachadya muchero wemabasa avo.

11 Nhamo kune vakaipa, nokuti vachafa; nokuti mubairo wemabasa avo uchave pavari!

12 Uye vanhu vangu, vana vadiki ndivo vadvinyiriri vavo, uye vanotongwa nemadzimai. Imi vanhu vangu, avo “vanokutungamirirai vanoita kuti mutadze uye vopaza nzira yamunofamba nayo.

13 Ishe vanosimuka “kuvakumbirira, uye agosimukira kutonga vanhu.

14 Ishe achapinda mukutonga

22a NEMAMWE MAZWI
Regai kuvimba
nemunhu wenyama;
nokuti ndewe simba
shoma pana Mwari.
Mos. 1:10.
13 6a Isa. 3:6.

7a CHIHEB kusungwa
(kwechironda);
nemamwe mazwi,
handigone kupedza
matambudziko ako.
8a Jer. 9:11.
b MJer. 1:3.

9a Gen. 19:1, 4–7, 24–25.
NKM Hungochani.
10a Deut. 12:28.
12a Isa. 9:16.
13a CHIHEB
kukavadzana.
Mika 6:2; D&Z 45:3–5.

nevekare vevanhu vake “nema-chinda acho; nokuti ^bmakadya michero ‘yemunda wemizambiringa uye “mukadya “zvevarombo mudzimba dzenyu zvamakavatorera.

15 Munorevei imi? Makarova vanhu vangu mukavaita marengenyanya, uye mukakuya uso hwevarombo, vanodaro Ishe Mwari weHondo.

16 Zvakare, Ishe vanoti: Nenzira yekuti vanasikana veZioni vanozvikakanyadza, uye vachifamba vakazvuvu mitsipa nemaziso eruchiva, vachifamba “vachikunyungudza, uye vachirovanisa zvitsitsinho zvavo—

17 Saka Ishe vacharova nechirwere chegwembe panhongonya yemisoro yevanasikana veZioni, uye Ishe “vachafugura nzvimbo dzemiviri yavo dzekutsi.

18 Muzuva iroso Ishe vachabvisa kusatya kwezvishongo zvavo zvavaifamba zvichirira, “nenguwani, nemakoza ^bakatenderera semwedzi.

19 Tungetani nemangwere-ngwa, “nezvinomonerwa mumutsipa;

20 Tunguwani, nezvishongo

zvemumakumbo, nezvinosungiswa mumisoro, nezvinonhuwira, nemhete dzemunzeve;

21 Mhete dzeminwe, nezvekuisa pamhuno;

22 Nguwo “dzakawanda, nemadhuku, nezvipeneti zvevhudzi;

23 “Zvioni-oni, nemachira anoyevedza, neemumusoro, nemambure.

24 Uye zvichaitika kuti, kunze kwekunhuwirira kwakanaka pachanhuwa kuora; uye kunze kwebhanire, kuchava “nemundy; uye kunze kwevhudzi rakakamwa zvakakanaka, kuchave ^bnemhanza, uye kunze “kwemudimura, kuchave nemundy wesaga; kutsva kunze kwerunako.

25 Varume venyu vachafa nokubaiwa uye ugamba hwavo huchapedzwa muhondo.

26 Uye masuwo ake achache-ma nokuhungudzika; uye achaita segwenga, uye agogara pasi muvhu.

CHITSAUKO 14

Zioni nevanasikana vake achanuturwa nekucheneswa mumazuva

14a CHIHEB vatongi kana vatungamiri.

b CHIHEB kuparadzwa kana kupiswa.

c Isa. 5:7.

d NEMAMWE MAZWI kuwana nezvekuba.

e 2 Ni. 28:12–13.

16a NEMAMWE MAZWI kufamba tunhanho tudiki vachikurumidza nemutowo wakadaro (kufamba vachizvida).

17a CHIHEB fumura; izwi rinoreva kuti “vanyadzise.”

18a Zvingangove zvishongo zvemumusoro. Vatungamiri havawanzo wirirana nemamiriro ezvishongedzo zvevanhukadzi zvakadomwa mundima 18–23.

b NEMAMWE MAZWI zvishongo

zvakaumbwa semwedzi wagara.

19a CHIHEB zvidzitiro (machira ekufuga kumeso).

22a CHIHEB zvipfeko zvinoyevedza.

23a KANA zvipfeko zvinowonesa zvirimukati.

24a CHIHEB mamvemve.

b KANA nguwo.

c KANA mucherechedzo (chivanga chehunhapwa).

ezviuru zvamakore—Enzanisai nalsaya 4. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE muzuva iroro, vakadzi vanomwe vachabata murume mumwechete, vachiti: Tichazvitsvagira zvekudya, uye tigozvipekedza; tinongoda kudaidzwa nezita rako chete kuti “tisanhare.

2 Muzuva iroro “vebazi raIshe vachave vakanaka zvikuru nokubwinya; muchero wenyika uchave wakanakisisa nekusevenza kune avo vakapunyuka vaIsraeri.

3 Uye zvichaitika kuti, avo vachasiwa muZioni uye vachisara vari muJerusarema vachadaidzwa kunzi vatsvene, wose akanyorwa pavapenyu vari muJerusarema—

4 “Apo Ishe vachinge ^bvashambidza tsvina yevanasikana veZioni, uye vachinge vasuka ropa reJerusarema pakati pavo nemweya wekutonga nemweya “wekupisa.

5 Uye Ishe vachaita kuti pamba pega-pega mugomo reZioni, nepaunganwa paro, paite “gore reutsi masakati nekupenya kwe-marimi emoto usiku; nokuti pose panokubwinya kwaZioni pachadzivirirwa.

6 Uye pachave netabernakeri yemumvuri masakati kuchipisa, uye yovewo nzvimbo “yokuvanda, uye mhepo nemvura.

CHITSAUKO 15

Munda wemizambiringa waIshe (Israeri) uchave gwenga, uye vanhu vake vachapararira kwose-kwose—Matambudziko achauya pavari mukurasika nekupararira kwavo—Ishe vachasimudza mureza uye vounganidza Israeri—Enzanisai nalsaya 5. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ndichaimbira mudiwa wangu “rwumbo rwemudiwa wangu, rwezvemunda wake wemizambiringa. Mudiwa wangu ane munda wemizambiringa muchikomo chine kudya kwakawanda.

2 Uye akarikomberedza, akauanganidza matombo aivemo, akasima “mizambiringa inonakisisa, uye ndokuvaka shongwe pakati paro, uye ndokuitawo pokusvinira waini makaremo, uye akatarisira kuwana mazambiringa, uye ikabereka mizambiringa emusango.

3 Uye zvino, imi vagari veJerusarema, nemi varume veJuda,

14 1a NEMAMWE MAZWI
kushorwa kweasina
kuroora kana
kuroorwa uye asina
mwana.

2a Isa. 60:21; 2 Ni. 3:5;
Jak. 2:25.

4a NEMAMWE MAZWI
Apo Ishe anenge
achenura nyika.

b NKM Akagezwa.

c Mara. 3:2–3; 4:1.

5a Eks. 13:21.

6a Isa. 25:4; D&Z 115:6.

15 1a NEMAMWE MAZWI

Muporofita

anonyora rwiyo

kana detembo

rinezvekuita nepasi

pano asi rine dudziro

yezvekudenga

remumda

wemizambiringa,

richiratidza nyasha

dzaMwari

nekusateerera

kwelIsraeri.

2a Jer. 2:21.

sarudzai, ndinokukumbirai, pakati pangu nemunda wangu wemizambiringa.

4 Chii chingadai chakaitwa kumunda wangu wemizambiringa chandisina kuita mauri? Nokudaro, pandakautarisira kuita mazambiringa wakabereka mazambiringa yemusango.

5 Uye zvino endai; ndichakudzai zvandichaita nebindu rangu remizambiringa—“ndichabvisa ruzhowa, uye robva radiyiwa; uye ndichapaza tsvingo, uye robva ratsikwa-tsikwa;

6 Uye ndichariita kuti rirarire; miti yaro haichekererwe kana kusakurirwa; asi muchamera “rukato neminzwa; ndichaudzawo makore kuti ^basanaise mvura pariri.

7 Nokuti ^amunda wemizambiringa waIshe weHondo imba yaIsraeri, uye varume vaJuda ndivo zvidyarwa zvake zvino-fadza; uye akatsvaga ^bkutongwa, uye tarisai, kudzvinyirirwa; kururama, asi tarisai, kuchema.

8 Nhamo kune avo vanorumanidza ^adzimba kune dzimwe dzimba, kudakara pasisina mukana, wekuti dzimiswe padzo ^bdzega pakati penyika!

9 Munzeve dzangu, Ishe weHondo vakati, zvechokwadi dzimba zhinji dzichave matongo, uye maguta makuru

anoyevedza achasara asina vanhu.

10 Hongu, gumi remaeka emunda wemizambiringa uchaburitsa ^abati rimwe chete, uye homeri imwechete (kana kuti masaga matatu) embeu achaburitsa efa imwechete.

11 Nhamo kune avo vanomuka rungwanani, kuti ^avatevedze doro, vagorinwa kudakara usiku, uye ^bvagodhakwa naro!

12 Uye rudimbwa, nezvipendani, nezvikwepa, uye waini ndizvo zviru mumabiko avo; asi havana ^ahany’a nebasa raIshe, kana kufunga nezvakaitwa nemaoko avo.

13 Naizvozvo, vanhu vekwangu vakaenda muutapwa, nokuti havana ^aruzivo; uye varume vavo vanokudzwa vanoziya, uye vazhinji vavo vaoma huro nenyota.

14 Naizvozvo, gehena razvikudzisa, uye rikazarura muswo waro kuti haradada; uye mbiri yavo, nekuwanda kwavo, nekushamisira kwavo, neuyo anofara, vachadzika mariri.

15 Uye asina maturo achadzikisirwa, uye gamba richaturunurwa, uye ane maziso ari pade-nga achaturunurwa.

16 Asi Ishe veHondo vachakudzwa ^apakutonga, uye Mwari avo vatsvene vachaitwa kuti vave vatsvene mukururama.

5a Mpi. 80:12.

6a Isa. 7:23; 32:13.

b Jer. 3:3.

7a NKM Munda wemizambiringa waIshe.

b KANA runatso.

8a Mika 2:1–2.

b NEMAMWE MAZWI kusiiwa kuti ugare wega. Vapfumi vanenzvimbo kare vanotorera varombo vane mapurazi madiki.

10a Ezk. 45:10–11.

11a Zir. 23:30–32.

b NKM Shoko reUngwaru.

12a Mpi. 28:5.

13a Hos. 4:6.

NKM Ruzivo.

16a NKM Jesu Kristu—Mutongi.

17 Zvino hwayana dzichafura setsika yadzo, uye matongo evakakora achafurwa nevatorwa.

18 Nhamo kune vanokakata kuipa netambo ^adzekuzvida, uye vagoita zvitema ^bsekunge vakabata tambo yengoro.

19 Vanoti: Muregei ^aakurumidze, basa rake richimbizike, kuti ^btirione; uye regai kuraira kwoMutsvene waIsraeri kusebere pedyo uye kuuye, kuti tigozviziva.

20 Nhamo kune avo ^avanoti zvakaipa zvakanaka, uye vachitiwo zvakanaka zvakaipa, asi vachiisa ^brima muchiedza, uye vachiisa chiedza murima, vanoisa kuvava panotapira, nokuisa kutapira panovava!

21 Nhamo kune avo vanozviona ^asevakachenjera neavo vanozviona sevakangwara mumaziso avo!

22 Nhamo kumagamba ekunwa doro, nevarume vane simba mukusanganisa doro rinodhaka;

23 Vanoreverera wakaipa nemubairo, uye ^avachitorera wakarurama kururama kwake!

24 Naizvozvo, sekupiswa kunoitwa ^amashanga ^bnemoto, uye rimi rinopisa ^cmarara, midzi

yavo ichave yakaora, neruva ravo richapupurutswa seguruva; nokuti vakarasa murau waIshe veHondo, uye ^avakashora shoko reMutsvene waIsraeri.

25 Naizvozvo, ^ahasha dzaIshe dzabatira kuvanhu vavo, uye vatambanudza ruoko rwavo kwavari, uye vakavarova; uye makamo akandengendeka, uye zvitunha zvavo zvaiputikira pakati pemigwagwa. Kana dai zvakadaro kushatirwa kwavo hakuna kubviswa, asi ruoko rwavo rwuchiri rwakatambanudza.

26 Uye vachisimudzira ^amurereza kumarudzi anobva kure, uye ^bvacharidzira vari kumagumo kwenyika; uye tarisai, ^cvachauya nokukurumidza vachimhanya; hapana achaneta kana anopunzika pakati pavo.

27 Hapana achabatwa nehope kana anokotsira; kana mabhahire emuchiuno haasunungurwe, kana tambo dzeshangu dzavo hadzidamburwe;

28 Vane miseve inopinza, uye hwose uta hwavo hwakakombama, uye matsimba emabhiza avo achaonekwa segwenya, uye mavhiri avo achaita sechi-

18a NKM Chisina Maturo.

^b NEMAMWE MAZWI
Vakasungirirwa
kuzvitadzo zvavo
semhuka kumutoro
wadzo.

19a Jer. 17:15.

^b NEMAMWE MAZWI
Havambofa
vakatenda
munaMesia kusvika
vatomuwona.

20a Moro. 7:14, 18;

D&Z 64:16; 121:16.

^b I Joh. 1:6.

21a Zir. 3:5-7;
2 Ni. 28:15.

23a NEMAMWE MAZWI
kumudzivisa kodzero
yake yakakwana.

24a Obad. 1:18;

Mara. 4:1-2;
2 Ni. 20:17.

^b Joere 2:5;

1 Ni. 22:15, 23;
2 Ni. 26:4, 6;

D&Z 64:23-24;
133:64.

^c Ruka 3:17;

Mosaya 7:29-31.

^d II Sam. 12:7-9.

25a D&Z 63:32;
Mos. 6:27.

26a NKM Mureza.

^b KANA muridzo;
nemamwe mazwi,
chiratidzo
chekuunganidza.
Isa. 7:18; 2 Ni. 29:2.

^c NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

nyamupupuri, uye kutinhira kwavo kuchaita sekweshumba.

29 Vachadzvova “seshumba dzichiri diki; hongu, vachadzvova, uye vagobata nyama yavo, uye vagoitakura vachienda nayo zvitsvene, uye hapana anoinunura.

30 Uye muzuva iroro vachadvovera sekutinhira kwegungwa; uye kana vakatarisa munyika, tarisai, rima nekusuwa, uye chiedza chichadzimwa kumatenga.

CHITSAUKO 16

Isaya anoona Ishe — Zvitadzo zvaisaya zvinoregererwa — Anodaidzwa kuti aporofite — Anoporofita kurambwa kwedzidziso yaKristu nemaJuda — Vakasara vachadzoka — Enzanisa nalsaya 6. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

“MUGORE iro rakafa mambo Uziya, ndakaonao Ishe vagere pachigaro cheushe, pamusoro uye pakasimudzirwa mudenga, uye ^bmagemenzi ake akazadza temberi.

2 Pamusoro payo pakanga pamire “serafimi; imwe neimwe yadzo yaiva nemapapiro mata-nhatu; maviri akanga ari okufugidza kumeso kwayo, uye maviri achifugidza tsoka dzayo,

uye maviri ndiwo ayaibururuka nawo.

3 Uye imwe yakachema kune imwe, uye ikati: Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe veHondo; pasi pose pazere neku-bwinya kwavo.

4 “Mapango emusuo akazunguzaka pakunzwa izwi reuyo akachema, uye imba ikazara neutsi.

5 Zvino ini ndikati: Nhamo yave kwandiri! nokuti “ndaiswa pachena; nokuti ndiri munhu ane mukanwa makaipa; uye ndinogara pakati pevanhu vane mukanwa makaipa; nokuti maziso angu aona Mambo, Ishe veHondo.

6 Zvino ndokubva imwe yese-rafimi dziya yabhururuka ichi-uya kwandiri, iine “bvunze remoto muruoko rwayo, rayakanga yatora nezvisimbi zvaiva paaritari;

7 Uye yakariisa pamuromo pangu, uye ikati: Tarisa, bvunze iri raguma muromo wako; uye “kuipa kwako kwabviswa, uye zvitadzo zvako zvasukwa.

8 Ndakanzwawo izwi raIshe richiti: Ndiani andichatuma, uye ndiani angatiendere? Ndokubva ndati: Ndiri pano ini; nditumei.

9 Uye vakati: Enda unotaurira vanhu ava — Nzwisisai chaizvo, asi havana kunzwa; onai chizvo, asi havana kuona.

29a 3 Ni. 21:12–13.

16 1a NEMAMWE MAZWI zvingangove 750 Kristu asati azvarwa

b NEMAMWE MAZWI mupendero wechipfeko chake, kana mamino acho.

2a NKM Makerubi.

4a CHIHEB hwaro hwemusuwu hwakazunguzika.

5a CHIHEB kudimburwa; nemamwe mazwi, zvinoreva kuti akakatyamadzwa

neruzivo rwezvitadzo zvake nezvevanhu vake.

6a NEMAMWE MAZWI chiratidzo chekucheneswa.

7a NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

10 Ita kuti mwoyo yevanhu ava ikore, uye ugoita kuti nzeve dzavo dzireme, utsinzinyise maziso avo—nokuti vangazoona nemaziso avo, uye “vakanzwa nenzeve dzavo, uye vakanzwisisa nemwoyo yavo, uye vago-tendeuka nokuponeswa.

11 Zvino ini ndokuti: Ishe, kwenguva yakadii? Uye ivo vakati: Kudakara maguta asara asisina vanhu, uye dzimba dzisisina vanhu, uye nyika yasara yave gwenga chairo;

12 Uye Ishe “vabvisa vanhu vavaisa kure-kure, nokuti kuchave nokuraswa kukuru pakati penyika.

13 Asi kuchazove nechikamu chimwechete chegumi, chichadzoka, chichadyiwa, semuti wemuteiri semuoku uyo unenge uine kudya kwakakwana panguva yaunodonha mashizha; saka mbeu tsvene ndiyo ichave “kudya kwayo.

CHITSAUKO 17

Efraimi naSiria vanoita hondo naJuda—Kristu achazvarwa nemhandara—Enzanisai naIsaya 7. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mumazuva

aAhazi mwanakomana waJotami, mwanakomana waUziya, mambo weJuda, kuti Rezini, mambo weSiria, naPeka mwanakomana waRemaria, mambo weIsraeri, vakaenda kuJerusarema vachida kunoirwisa, asi vakatadza kuikunda.

2 Uye zvakataurirwa vemba yaDavidi zvichinzi: Siria yafurirana “naEfraimi. Uye mwoyo wake wakazunguzwa, nemwoyo yevanhu vakewo, sekuzunguzwa kunoitwa miti nemhepo musango.

3 Zvino Ishe vakati kuna Isaya: Enda iye zvino unosangana naAhazi, iwe “naSheari-jashubi mwanakomana wako, pakapera mugero unobva muchidziva chekumusoro mumugwagwa wekumunda kwemusuki wenhumbi;

4 Uye woti kwaari: Chenjera, uye unyarare; “usatye, zve usarohwe nehana pamusoro pezvitsiga zvemoto zviri kupfungaira, nekushatirwa kunotyisa kwaRezini achishatirirwa Siria, nemwanakomana waRemaria.

5 Nokuti Siria, Efraimi, nemwanakomana waRemaria, vakarangana zvakaipa nezvako, vachiti:

6 Hendei kumaJuda tinovane-tsa, “tigozviiitira mughanhu wedu

10a Mat. 13:14–15.

12a II Madz. 17:18, 20.

13a NEMAMWE MAZWI

Semuti, nyangwe
zvazvo mashizha
awo achiparadzirwa,
upenyu nekwaniso
yekubereka mbeu
asi zvinoramba

zviri mauri.

17 2a NEMAMWE MAZWI

Kwose kuchamhembe
kweIsraeri
kwaidaidzwa nezita
raEfraimi, dzinza
raitungamirira
kuchamhembe.

3a CHIHEB vakasara

vachadzoka.

4a NEMAMWE MAZWI

Musatyiswa nekurwa
uku; madzimbao
maviri aya haachisina
simba rakawanda
mavari.

6a CHIHEB ipatsanurei.

imomo, uye tigoisa mambo pakati pavo, hongu, mwanakomana waTabeeru.

7 Ndizvo zvinotaura Ishe Mwari: Hazvimire, zve hazvizo-itika.

8 Nokuti musoro weSiria iDamasiko, uye musoro weDamasiko, ndiRezini; uye mukati memakore makumi matanhatu ane makore mashanu vaEfraimi vachatorwa zvekuti vanenge vasisiri vanhu.

9 Uye musoro wevaEfraimi vaSamaria, uye musoro wemaSamaria mwanakomana waRemaria. Kana “mukasatenda chokwadi hamungasimbiswe.

10 Zvakare, Ishe vakataura zve kuna Ahazi, achiti:

11 Kumbira iwe “chiratidzo kuna Ishe Mwari vako; chikumbire chero kune zvakadzama pasi, kana kune zviru muchadenga.

12 Asi Ahazi akati: Handikumbire kwete, zve “handiedze Ishe.

13 Uye akati: Inzwai zvino imi vemba yaDavidi; chinhu chiduku here kuti munetse vanhu, asi mungade kunetsa Mwari wanguwo here?

14 Nokudaro, Ishe pachake achakupai chiratidzo—Tarisai, “mhandara ichabata pamuviri, uye igobereka mwanakomana,

achadaidzwa zita rake kunzi ^bImanueri.

15 Ruomba neuchi ndizvo zvaachadya, kuti agoziva kuramba zvakaipa uye achisarudza zvakana.

16 Nokuti “mwana asati asvika pakuramba chakaipa nokusarudza chakanaka, nyika yamakavenga inenge yatosiwa nemadzimambo ayo ^bmaviri.

17 Ishe “vachaunza pauri, nekuvanhu vekwako, nemumba mababa vako, mazuva asati ambovako kubvira musu waka-bva ^bvaEfraimi muna Juda, mambo weAsiria.

18 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro Ishe “vacharidzira muridzo nhunzi iri kumusoro-soro kweEgipita, nenyuchi iri munyika yeAsiria.

19 Uye dzichauya, uye dzichazorora dzose mumanhika asina chinhu, nemumwena yematombo, nepaminzwa yose, nepamakwenzi ose.

20 Muzuva rakarero Ishe “vachaveura nechisvo chakumbirwa, navari mhiri kwerwizi, ^bnamambo weAsiria, musoro, nemvere dzemumakumbo; uye chichabvisawo ndebvu.

21 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro, murume “achapfuya mhau ichiri diki nehwai mbiri;

22 Uye zvichaitika kuti, nenzira

9a II Mak. 20:20.

11a NKM Chiratidzo.

12a NEMAMWE MAZWI edza, zviyedze, kana kuzvizivira pachako.

14a NKM Mhandara.

^b CHIHEB Mwari anesu. NKM Imanueri.

16a 2 Ni. 18:4.

^b II Madz. 15:30; 16:9.

17a II Mak. 28:19–21.

^b I Madz. 12:16–19.

18a KANA muridzo, nemamwe mazwi, chiratidzo, kudaidza. Isa. 5:26.

20a NEMAMWE MAZWI

Nyika ichisiwa yava nevanhu vashoma nemupambi wekure. ^b II Madz. 16:5–9.

21a NEMAMWE MAZWI Kuchangosara vanhu vashoma vanokwanisa kuzvirirtira.

yekuwanda kwemukaka wazvichamupa achadya ruomba; nokuti ruomba neuchi ndizvo zvichadyiwa nemunhu wose anosara ari munyika.

23 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro, nzvimbo yose ichavepakange paine mizambiringa yange ichikwana chiuru ichikoshachiuru “chesirivha, pachasara pave nerukato neminzwa.

24 Varume vachauyako nemiseve neuta, nokuti yose nyika inenge yangove rukato neminzwa.

25 Uye zvose zvikomo zvicharimwa nemapadza, hapazove nekutya rukato neminzwa; asi muchave mokusairira madhonzana, nokutsikwa-tsikwa nedzimwe mombe “diki.

CHITSAUKO 18

Kristu achava sedombo rinogumbura uye sebwe rekutsamwisa — Tsvagai Ishe, kwete kuve varoyi vanoita zvekudongorera — Dzokerai kumurau nekuuchapupu kuti mutungamirwe — Enzanisai naIsaya 8. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

ZVAKARE, izwi raIshe rakati kwandiri: Mugotora hwati huru, uye mugonyora mairi nechinyoreso chemunhu, pamusoro “paMaheri-sharari-hashibhazi.

2 Uye ndakatora “vapupuri

vakatendeka kuti vanyore, Uria mufundisi, naZekaria mwana-komana waJeberekia.

3 Uye ndakaenda “kumuporofitakadzi; uye akabata pamuviri akabereka mwana mukomana. Zvino Ishe vakati kwandiri: Mudaidzei zita rake kuti Maheri-sharari-hashibhazi.

4 Nokuti tarisai, “mwana uyu ^bhaasvike pakuziva kuchema achiti, Baba vangu, kana amai vangu, upfumi hweDamasiko nezvakapambwa ‘zveSamaria zvisati zvatorwa zvichiiswa pamberi pamambo weAsiria.

5 Ishe vakataurazve kwandiri zvakare achiti:

6 Sezvo vanhu ava vachiramba mvura yemuna “Shiroa inorerera zvakapfava, uye vachifarira ^bRezini nemwanakomana waRemaria;

7 Zvino naizvozvo tarisai, Ishe vanounza mvura yerwizi pamusoro “pavo, yakasimba uye yakawanda, kana mambo weAsiria nokubwinya kwake; uye rwuchazadza netwukova twarwo twose, uye rwugofashukira nekunze.

8 Uye “rwuchapfuura nemunyika yaJuda; rwugozara uye rwuchifashukira, mvura ichazara kusvika muhuro; uye kutambanuka kwemapapiro arwo kuchazadza upamhi hwenyika yako, iwe ^bImanueri.

23a KANA zvimhedu zvesirivheri.

25a CHIHEB makwayi, kana mbudzi.

18 1a NEMAMWE MAZWI kuparadzwa kwave pedyo.

2a NKM Mupupuri.

3a NEMAMWE MAZWI mukadzi wake.

4a 2 Ni. 17:16.

b Isa. 8:4.

c II Madz. 15:29.

6a Gen. 49:10; DJS, Gen. 50:24.

b Isa. 7:1.

7a NEMAMWE MAZWI kutanga

nekuchamhembe kwelSraeri.

8a NEMAMWE MAZWI Asiria ichapinda muJidawo.

b NKM Imanueri.

9 “Wadzanai pachenyu imi vanhu, uye muchadimirwa-muzvidimu; uye teerera imi venyika dziri kure; zvisungei zviuno, uye muchadimirwa-muzvidimu; zvisungei zviuno, uye muchadimirwa-muzvidimu.

10 Ranganai pamwechete, uye hapana chinobuda; taurai shoko, uye harizomira; “nokuti Mwari vanesu.

11 Nokuti Ishe vakataura neni zvine simba, vakandidzidzisa kuti ndisafambe munzira dzevanhu ava, vachiti:

12 Imi musati, “chirangano, kune avo vose vachanzi nevvanhu ava, chirangano; kana kutya imi kutya kwavo, musatye.

13 Itai kuti Ishe veHondo vave vatsvene pachavo, uye ngavave ivo “vamunoty, uye vave ivo vamunozeza.

14 Uye vagove “nzvimbo yenyu tsvene; asi vagove ^bibwe rinogumbura, uye vagove dombo rekutsamwisa dzose imba mbiri dzaIsraeri, vachave riva nemusungo kuvagari veJerusarema.

15 Uye vazhinji mukati mavo

“vachapingishwa uye vachipunzika, uye vachityoka, uye vachiteyewa, uye vachibatwa.

16 Sungai uchapupu, momisa “mutemo pakati pevadzidzivanhu.

17 Uye ndichamirira Ishe, avo vari “kuvanza chiso chavo kune vemba yaJakobo, uye ndichavatsvaka.

18 Tarisai, ini nevana vanda-kapiwa nalshe tiri “vezviratidzo neminana muIsraeri zvinobva kuna Ishe veHondo, avo vagere muGomo reZioni.

19 Uye kana voti kwamuri: Tsvagai kune “vanosvikirwa, ^bnekuvauki vanodongorera nokugunun’una—vanhu ‘havafanire kubvunza kuna Mwari vavo here kuti vapenyu vanzwe “kubva kuvakafa?

20 Kumutemo neuchapupu; uye kana “ivo vakasataura maererano neshoko iri, imhaka yekuti hamuna chiedza mavari.

21 Uye “vachafamba nenyika vakasuwa vane nzara, zvichaitika kuti kana vava nenzara vachaita hash, uye vachatuka

9a NEMAMWE MAZWI
Kuita mibatandzwa.

10a NEMAMWE MAZWI
Juda (nyika yaImanueri) icharegererwa. Mpi. 46:7.

12a NEMAMWE MAZWI
Juda haifanirwe kuvimba nekuronga kwainoita nevamwe muchiwande.

13a NEMAMWE MAZWI
Ivayi nerukudzo uye zvininipisei pamberi paMwari.

14a Ezk. 11:15–21.

b I Pet. 2:4–8;
Jak. 4:14–15.

15a Mat. 21:42–44.

16a CHIHEB kudzidzisa, kana dzidziso. NKM Vhangeri.

17a Isa. 54:8.

18a NEMAMWE MAZWI
Mazita aIsaya neevanakomana vake anoreva, zvichtevedzana. “Jehova anonunura,” “Anomhanyisa muvengi”; uye “vakasara vachadzoka.”

2 Ni. 17:3; 18:3.

19a Zvaka. 20:6.

b NEMAMWE MAZWI
n’anga, masvikiro.

c I Sam. 28:6–20.

d KANA kumiririra mumwe.

20a NEMAMWE MAZWI
svikiro (nemundimawo 21–22).

21a NEMAMWE MAZWI
Israeri ichatorwa muhunhapwa pamusana pekusateerera.

mambo vavo naMwari vavo, uye vakatarisa kudenga.

22 Uye vachatarisa panyika uye vagoona dambudziko, nerima, kudzimaidzwa nekurwadziwa kukuru, uye vachasaidzirwa kurima.

CHITSAUKO 19

Isaya anotaura nezvaMesia—Vanhu vari murima vachaona chiedza chikuru—Tinozvarirwa mwana—Achave Jinda reRunyararo uye agotonganga agere pachigaro cheushe chaDavidi—Enzanisa naIsaya 9. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

ZVISINEI, kudzimaidzwa haku-zoita sekwakange kuri mukutambudzika kwake, apo pakutanga zvaakangonyaikira chete kunetsa “nyika yaZeburuni, nenyika yeNaftari, uye mushure mezvo akazotambudza zvinorwadza nekuGungwa Dzvuku mhiri kwaJorodani muGarirea yemarudzi.

2 Vanhu vaifamba “murima vaona chiedza chikuru; avo vanogara munyika yemumvuri werufu, pavari chiedza chapenya.

3 Imi mawanza rudzi, uye

“mukapamhidzira mufaro—vanofara pamberi penyua maererano nemufaro wepanguva dzekukohwa, uye sekufara kunoitwa varume kana vachigovana zvinhu zvavapamba.

4 Nokuti matyora joki reku-dzvinzirwa kwake, netsvimbo yairova mapfudzi ake, mubhadha wemudzvinzirwa wake.

5 Nokuti kwose kurwa kwemurwi kune ruzha rwunokanganisa, nezvipfeko zvau-mburudzwa muropa; asi izvi zvichave nekubvira nekuve huni dzinobvirisa moto.

6 Nokuti kwatiri “mwana azvarwa, kwatiri tapiwa mwanakomana, uye ^b kutonga kuchave pamapfudzi ake; uye zita rake richaaidzwa kuti Anoshamisa, Mupiwezano, Mwari “Samasimba, Baba ^d Vasingaperi, “Jinda reRunyararo.

7 Uye kupamhidzirwa “kwekutonga nerunyararo ^b hazvina magumo, pachigaro cheumambo hwaDavidi, nemuumambo hwake, nekuhumisa nekutonga nekukurama kubvira iye zvino, kusvika nokusingaperi. Kuda kwaIshe veHondo kuchaita kuti zviitike.

8 Ishe vakatumira shoko ravo kuna Jakobo uye rajekesa kuna ^a Israeri.

19 1a Mat. 4:12–16.

2a “Kusanyatsowoneka”
“nerima”
ndikokwaive
kurasika
pachitendero uye
nekupinzwa
muhunhapwa,
“chiedza chikuru”

ndiKristu.

3a Isa. 9:3.

6a Isa. 7:14;

Ruka 2:11.

b Mat. 28:18.

c Tito 2:13–14.

d Aruma 11:38–39, 44.

e Joh. 14:27.

7a NKM Hurumende.

b Dan. 2:44.

8a NEMAMWE MAZWI
Mashoko echiporofita
anotevera (ndima
8–21) iyambiro
kumadzinza gumi
ekuchamhembe,
anonzi Israeri.

9 Uye vose vanhu vachaziva, kana Efraimi nevanhu veSamarira, vanotaura nekudada neku-zvikudza kwemwoyo:

10 Zvidhinha zvakoromoka, asi tichavaka nematombo akavezwa; mionde yatemwa, asi tichaipindura kuti ive misidha.

11 Nokudaro Ishe vachamutsira “Rezini vavengi, vagobatani-dza vavengi vake pamwechete;

12 VaSiria pamberi uye nevaFristia shure; uye “vachamedza Israeri nemuromo wakashama. Nokuti ^bhasha dzavo hadzina kudzoswa, asi ruoko rwavo rwuchakangosimudzwa.

13 Nokuti vanhu ^ahavatende-ukire kune uyo anovarova, kana Ishe veHondo havamutsvake.

14 Saka Ishe vachadimura vaIsraeri musoro nemuswe, bazi nenhokwe muzuva rimwechete.

15 Harahwa, ndiyo musoro; uye muporofita anodzidzisa nhema, ndiye muswe.

16 Nokuti vatungamiri vevanhu ava ndivo vanoita kuti vatadze; uye avo vanotungamirwa navo vanoparadzwa.

17 Nokudaro Ishe havachazove nerufaro nemajaya avo, havazove “netsitsi kune vasina baba vavo neshirikadzi; nokuti mumwe nomumwe wavo munyengedzi nemuiti wezvakaipa, uye wose muromo unotaura ^bnhema. Nezvose izvi hasha dzavo hadzina kudzoswa, asi

“ruoko rwavo ruchakatambanudzwa.

18 Nokuti huipi hunobvira semoto; uchapisa rukato neminzwa, uye uchabatira mumasango akapfita, ugokwira semhute yeutsi.

19 Nehasha dzaIshe veHondo nyika inoita rima, uye vanhu vachaita sehuni dzaiswa muchoto; “hakuna munhu acharegerera hama yake.

20 Achabvuta nekurudyi agoshoshera uye agonzwa nzara; uye “achadya neruboshwe uye vagosaguta; wose munhu achadya nyama yeruoko rwake—

21 “Manase, ^bEfraimi; uye Efraimi, Manase, ivava pamwechete vacharwisa ^cJuda. Nokudaro hasha dzavo hadzina kudzoswa, asi ruoko rwavo rwuchakatambanudzwa.

CHITSAUKO 20

Kuparadzwa kweAsiria mufanidzo wekuparadzwa kwevakaipa Pakuuya Kwechipiri—Vanhu vashoma vachasara mushure mekudzoka kwaIshe zvakare—Vakasara vema yaJakobo vachadzoka musi iwoyo—Enzanisa naIsaya 10. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

NHAMO kune avo vanomisa mitemo isina kururama, nekunyora zvakaipa zvekudzvinyirira.

2 Kurambidza varombo kuti

11a II Madz. 16:5–9.
12a II Madz. 17:6, 18.
b Isa. 5:25; 10:4.
13a Amosi 4:6–12.

17a NKM Anetsitsi.
b 2 Ni. 9:28–29.
c Jak. 5:47; 6:4.
19a Mika 7:2–6.

20a Deut. 28:53–57.
21a NKM Manase.
b NKM Efraimi.
c NKM Juda.

vasasvike “pakutongwa, nokutorera kodzero kubva kuvarombo vevanhu vangu zvakafanira kuve zvavo, kuti ^bchirikadzi dzigova nhapwa dzavo, uye vagorozva nherera dzisina mazdibaba!

3 Uye muchaiti muzuva “roku-shanyirwa, nemudambudziko richabva kure? muchatizira kuna ani kuti muyamurwe? Uye muchasiya kupi pfuma yenyu?

4 Ndisisipo ini vachazvipeta pakati pevasungwa, uye vachapuzikira muzvitunha. Zvakadarohasha dzavo hadzina kudzorwa, asi ruoko rwavo rwuchakangotambanudza.

5 Iwe muAsiria, mubhadha wehasha dzangu, uye mudonzvo uri muruoko rwavo kushatirwa “kwavo.

6 Ndichamutumira “kundorwisa vanhu vanonyengedza, nokuvanhu vanorwisana nehasha dzangu ndichamupa simba rokutora zvinhu zvavo, ovatora, nokuvatsika-tsika sematope mumigwagwa.

7 Asi izvi hazvizizvo zvaanoda kuita, kana mwoyo wake hazvizizvo zvaunofunga; asi zvaanoda nemwoyo wake kuparadza nokuuraya marudzi akawanda.

8 Nokuti anoti: Ko machinda angu ose haazi madzimambo here?

9 Ko Karno haina kuita seKarkemishi here? Ko Hamati haina kuita seArpadi here? Ko Samaria haina kuita seDamasiko here?

10 Sezvo ruoko “rwangu rwakasika umambo hwezvifanidzo, uye zvifananidzo izvo zvakange zvichipfuura zvemuJerusarema nezveSamaria;

11 Ndicharega here, sezvanda-kaita kuSamaria nezvifananidzo zvaro, kuita sezvandakaita kuJerusarema nezvifananidzo zvaro?

12 Nokudaro zvichaitika kuti kana Ishe vachinge vapedza basa ravo rose pagomo reZioni nemuJerusarema, ndicharanga “muchero wemwoyo mukukutu wamambo ^bweAsiria, nekuzvikudza kuri mumaziso ake.

13 Nokuti “iye anoti: Nesimba reruoko rwangu neungwaru hwangu ndakaita zvinhu izvi; nokuti ndinoziva; uye ndakabvisa migandu yevanhu, ndikapamba upfumi hwavo, uye ndikaparadza vanhu vemo segamba;

14 Uye ruoko rwangu rwakawana sedendere upfumi hwevanhu; uye sekunongwa kunoitwa mazai asaririra ndiko kuunganidza kwandakaita pasi pose; uye hakuna mumwechete akazunguzuka bapiro, kana kuzurura muromo, kana kudongorera.

20 2a KANA runatso.
b NKM Shirikadzi.
3a NEMAMWE MAZWI mutongo.
5a Isa. 10:5.
6a NEMAMWE MAZWI

kurwisa Israeri.
10a NEMAMWE MAZWI ruoko rwamambo weAsiria (ndima 10–11).
12a NEMAMWE MAZWI

vanozvinda vanozvitutumadza.
b Zef. 2:13.
13a NEMAMWE MAZWI mambo weAsiria (ndima 13–14).

15 “Ko ^bdemo ringavirimire anorishandisa here? Ko sowo ringazviite guru here kune uyo anoriita kuti richeke? Sekunge mubhadha ungazvizunze uchirwisana neavo vanoudonzvesa, kana sekunge wakafanira kuzvisimudza wega kunge usiri chimuti!

16 Naizvozvo Ishe, Ishe veHondo, vachapinza pakati pevanhu vavo vakakora; kuonda; uye mukubwinya “kwavo vachaisa kupisa kunoita sekupisa kwemoto.

17 Uye chiedza chaIsraeri chichave moto, uye Mutsvene Wake achave rimi, uye uchabvira uye ugopisa minzwa yake nerukato nezuva rimwechete;

18 Uye uchadzima kubwinya kwesango rake, nokweminda yakaorera, zvose “mweya nemuviri uye achifizuka nekupera simba kunoita munhu arwara.

19 Uye “imwe yose miti ichasara musango rake ichave mishoma, zvekuti kana mwana anogona kuiverenga.

20 Uye zvichaitika muzuva “iroro, kuti vakasara vaIsraeri, neavo vakapunyuka ^bvemba

yaJakobo, “havazotarisa kune uyo akambovarova, asi vachatarisa kuna Ishe, Mutsvene waIsraeri, muchokwadi.

21 “Vakasara vachadzokera, hongu, kana vakasara vemba yaJakobo, kuna Mwari vane simba.

22 Nokuti kana dai zvazvo vanhu vako Israeri vakawanda sejecha regungwa, asi vakasara vavo vachadzoka; “kuparadzwa kwakagadzirwa kwakafanira ^bkuchafashukira nokururama.

23 Nokuti Ishe Mwari veHondo “vachaunza kuparadzwa, munyika dzose sekutaurwa kwazvakaitwa.

24 Naizvozvo, ndiko kutaura kwaIshe Mwari veHondo: Imi vanhu vangu mugere muZioni, musatye muAsiria; achakurovai nemubhadha, uye agosimudza tsvimbo yokukurwisai, “sezvamakaitwa nevaEgipita.

25 Zvichangove zvechinguva chidiki-diki, uye kushatirwa kwangu kwopera, uye hashadzangu dzichave mukuvaparadza.

26 Uye Ishe veHondo vachakonzera dambudziko sekuurawa kwakaitwa “vaMidiani

15a Zvirevo zvose zviri mundima iyi zvinobvunza mubvunzo mumwechetewo. Munhu (semuzwaniso, mambo weAsiria) angabudirire kupfuura Mwarihere?
b NEMAMWE MAZWI muporofita anoenzanisa mambo nemudziyo unoshandiswa kugadzira zvinhu.

16a NEMAMWE MAZWI mambo weAsiria (mundimawo 17–19).
18a NEMAMWE MAZWI Asiria ichaparadzwa zvachose.
19a NEMAMWE MAZWI vakasara vemaute eAsiria.
20a NEMAMWE MAZWI mazuva ekupedzisira.
b Amosi 9:8–9.
c NEMAMWE MAZWI vimba ne.
21a Isa. 11:11–12.
22a D&Z 63:34.

NKM Nyika—
Kuguma kwenyika.
b NEMAMWE MAZWI Kunyange mutongo ukauya, nyasha dziripo.
23a NEMAMWE MAZWI achakonzera kuparadzwa kwakataurwa.
24a NEMAMWE MAZWI sezvakaita maEgipita munguva dzekutanga.
26a Gen. 25:1–2; Vat. 7:25.

pachikomo cheOrebi; uye sezvo mubhadha wake wakanga uri pamusoro pemvura uchasimudzwa sekusimudzwa kwawakaitwa muEgipita.

27 Uye zvichaitika kuti musiiwoyo “mutoro wake uchabviswa pamapfudzi ako, uye jokwi rake richabviswa muhuro mako, uye jokwi richaparadzwa pamusana ^bpekuzodzwa.

28 “Iye auya kuAiati, apfuurira kuMigrioni; kuMikmashi ndiko kwaachengetera nhumbi dzake.

29 Vakwira nepamupata; vatoro pekugara muGeba; Rama ave kutya; Gibea wekuSauro anotiza.

30 Daidzira, iwe mwanasikana waGarimi; ita kuti unzwikwe Raisha, iwe Anatoti.

31 VeMadmena vabviswa; vanhu vemuGebimi vaungana kuti vatize.

32 Kwanhasi vachamira muNobi muzuva iroro; vachanogedza zvibhakera zvavo kugomo remwanasikana weZioni, chikomo cheJerusarema.

33 Tarisai Ishe, Ishe veHondo vachatema mapazi zvinotyisa; uye ayo “akareba kupfuura mamwe achatemwa opunzwa; uye vanozvida vachanyadziswa.

34 Uye achatema miti yemasango akapfita nesimbi, uye Rebanoni ichapunzwa neunesimba.

CHITSAUKO 21

Bazi raJesi (Kristu) richatonga mukururama—Ruzivo rwaMwari rwuchafukidza pasi pose munguva inonzi Mereniamu—Ishe vachasimudza mureza vounganidza Israeri—Enzanisa naIsaya 11. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE kuchaita “nhungirwa kubva ^bpabazi ‘raJesi, uye kuchakura bazi kubva mumidzi yaro.

2 Uye “Mweya waIshe uchave paari, mweya weungwaru nekunzwisisa, mweya wekuraira nesimba, mweya weruzivo nevekutya Ishe;

3 Uye achamuita anokurumidza kunzwisisa mukutya Ishe; uye “haatonge zvaonekwa nemaziso ake chete, kana kutonga nezvasvika munzeve dzake.

4 Asi “nokururama achatonga varombo, uye ^bagotsiura zvakanzana vanhu ‘vakapfava venyika; uye acharova nyika neshamhu yemuromo wake, nemweya unobva pamiromo yake achauraya vakaipa.

27a Isa. 14:25.

b NKM Akazodzwa.

28a NEMAMWE MAZWI
Kufamba kwemauto
eAsiria akananga
kuJerusarema
kunobuditswa; apo
(mavhesi 33–34)
maitiro aIshe
kwaari anonyatso
tsanangura

zvakadzama.

33a Hir. 4:12–13.

21 1a D&Z 113:3–4.

b D&Z 113:1–2.

c Jese akanga ari baba
waDavidi kutaurwa
kunobuditswa
kwemutsetse
wedzinza reumambo
raDavidi iro
rakazozvarwawo

Jesu. Mika 5:2;

VaH. 7:14.

NKM Jesi.

2a Isa. 61:1–3.

3a Joh. 7:24.

4a Mpi. 72:2–4;

Mosaya 29:12.

b CHIHEB kusarudza.

c NKM Akapfava.

5 Uye bhandi rechiuno chake richave kururama, uye kuvi-mbika kuchave “matomhu ake.

6 Chikara chichagara ne-hwayana, uye mbada icharara nembudzana, uye mhuru ne-mwana weshumba nemhuru yekukodza zvichave pamwechete; uye kamwana kadiki kagozvitungamira.

7 Uye mhuru nechikara zvichafura pamwechete; vana vazvo vagorara pamwechete; uye shumba ichadya uswa semombe.

8 Uye mwana ari pazamu achatamba ari pamwena “wenyoka, uye mwana akarumurwa achaisa ruoko rwake muguru ^brenyoka.

9 “Hazvizokuvadza kana kuparadza mugomo rangu rose dzvene, nokuti pasi rinenge razara ^bneruzivo rwaIshe, sekuzadzwa kwakaitwa gungwa nemvura.

10 Uye muzuva “iroro kuchave ^bnemudzi waJesi, uchamira semureza wevanhu; ^ckwauro ^dmaJentairi vachatsvaka kuuya; uye kuzorora kwake kuchaita mukurumbira.

11 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro Ishe vachatambanudza ruoko rwavo “kechipiri kuti vadzikinure vakasara vevanhu vavo vachasiiwa, muAsiria, nemuEgipita, nemuPatrosi, nemuKushi, nemuErami, nemuShinari, nemuHamati, nemuzvitsuwa zvegungwa.

12 Uye vachamisira “mureza marudzi, uye vagounganidza ^bvakaraswa veIsraeri, uye “vagounganidza pamwechete vakaparadzwa vaJuda kubva kumativi mana enyika.

13 “Shanje yaEfraimi ichape-rawo, uye vavengi vaJuda vachaparadzwa; Efraimi haazoitira ^bshanje ^cJuda, uye Juda haazone-tsa Efraimi.

14 Asi “vachabhururuka vago-tasva pamapfudzi amaFirisitia kumadokero; vachapamba zve-vekumabvazuva vari pamwechete; vachaisa maoko avo pana Edomi naMoabi; uye vanhu vemuAmoni vachavateerera.

15 Uye Ishe “vachaparadza chose chisipiti chegungwa re-Egipita; nemhepo yavo huru vachavhuvhuta nepamusoro

5a KANA muchiuno.

8a kanyoka kadiki kane uturu hunouraya kekuEgipita.

^b imwewo nyoka ineuturu.

9a Isa. 2:4.

NKM Mereniamu.

^b D&Z 101:32–33; 130:9.

10a NEMAMWE MAZWI

mazuva ekupedzisira.

Nh—JS 1:40.

^b VaR. 15:12;

D&Z 113:5–6.

^c kana kwaari.

^d D&Z 45:9–10.

11a 2 Ni. 6:14; 25:17; 29:1.

12a NKM Mureza.

^b 3 Ni. 15:15; 16:1–4.

^c Neh. 1:9;

1 Ni. 22:10–12;

D&Z 45:24–25.

NKM Israeri—

Kuunganidzwa

kwa Israeri.

13a Jer. 3:18.

^b Madzinza

akatungamirwa

naJuda naEfraimi

aiva nhoroono

yekurwisana

(mushure mezviitiko

zviri mu I Madz. 12:16–20).

Mumazuva

ekupedzisira

ruvengo urwu

rwucharapwa.

Ezk. 37:16–22.

NKM Chiva.

^c NKM Juda.

14a NEMAMWE MAZWI

rwisa nzvimbo

dzakarereka

dzekumadokero

dzaive nyika

yavaFirisitia.

15a Zek. 10:11.

perwizi, vagoomesa twukova twunodira marwuri twunomwe, vagoita kuti vanhu vayambuke maoma.

16 Uye kuchave nemugwagwa “mukuru uchasiirwa vakasara vevanhu vake vachasara, unobva Asiria, senzira yakaitika mugungwa, pazuva rakabuda Israeri kubva munyika yeEgipita.

CHITSAUKO 22

Munguva yeMireniamu vose vanhu vacharumbidza Ishe—Vachange achigara pakati pavo—Enzanisa naIsaya 12. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE muzuva iroro muchati: Imi Ishe ndichakurumbidzai; kana dai manga makandishatirirwa kushatirwa kwenyu kwafuraidzwa, uye mave kundinyaradza.

2 Tarisai, Mwari ndivo ruponeso rwangu; “vandichavimba navo, uye ndigosatya; nokuti Ishe ^bJEHOVA ndivo musimboti wangu nerwiyo rwangu; uye vavewo ruponeso rwangu.

3 Naizvozvo, norufaro muchachera “mvura inobva mumatsime oruponeso.

4 Uye muzuva iroro muchati:

“Rumbidzai Ishe, daidzai zita ravo, taurai kuita kwavo kuvanhu, muudze vanhu kuti zita ravo rinokudzwa.

5 “Imbirai Ishe; nokuti vakaita zvinhu zvakana zvikuru; izvi zvinozivikanwa pasi pose.

6 “Chemai mudaidzire, imi vagari veZioni; nokuti mukuru Mutsvene waIsraeri ari pakati penyu.

CHITSAUKO 23

Kuparadzwa kweBabironi kunofanana nekuparadzwa kuchavepo muKuuya Kwechipiri—Richave zuva rehasha nekudzorera—Babironi (nyika) ichapuzika zvochose—Enzanisa naIsaya 13. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

“MUTORO ^bweBabironi wakonekwa naIsaya mwanakomana waAmozi.

2 Sumudzai “mureza pamusoro pegomo refu, movadaidzira, ^bzunzai ruoko, kuti vapinde mumasuo evakuru-vakuru.

3 Ndaraira avo “vakaitwa vatsvene vangu, ndadaidzawo magamba angu, nokuti hashadzangu hadzisi kune avo vanofadzwa neukuru hwangu.

4 Ruzha rwevanhu vazhinji

16a Isa. 35:8; D&Z 133:27.

22 2a Mosaya 4:6;

Hir. 12:1.

b Eks. 15:2; Mpi. 83:18.

NKM Jehova.

3a NKM Mvura

yeUpenyu.

4a NKM Kupakutendo.

5a D&Z 136:28.

6a Isa. 54:1; Zef. 3:14.

23 1a NEMAMWE MAZWI shoko rekuparadzwa.

b Nhorooondo

yekuparadzwa kweBabironi yakaipa, kwakaporofitwa muna Isa. 13 na 14, kunoitwa sechiratidzo chekuperara kukuru kwenyika yose

inehuipi.

D&Z 133:5, 7, 14.

NKM Baberi, Babironi.

2a KANA Mureza.

NKM Mureza.

b NEMAMWE MAZWI

zunguza ruoko, ipa chiratidzo.

3a NEMAMWE MAZWI

Vatendi.

mumakomo rwunenge rwe-mhomho yevanhu, zhowe-zhowe “reumambo hwemarudzi ^baugana pamwechete, Ishe veHondo vanogadzirira varwi vavo kunorwa.

5 Vanobva kunyika iri kure, kwakaperera denga, hongu, Ishe, nezvombo zvekushatirwa kwavo, kuti vaparadze nyika yose.

6 Chemai imi, nokuti zuva raIshe rave pedyo; richauya semharadzi inobva kuna Samasimba.

7 Naizvozvo ose maoko achaneta, mwoyo wemunhu wose uchanyangadika;

8 Uye vachatya; vacharwadziwa nekusuwa kugovabata; vachashamiswa nevamwe vavo pachavo, uso hwavo huchaita semarimi emoto.

9 Tarisai, zuva raIshe riri kuuya, rakaipa rine hutsinye nekutsamwa kunotyisa, kunoparadza nyika; uye “vachaparadza vatadzi varimo.

10 Nokuti nyenyedzi dzedenga nezvose zvirimo hadzizopa chiedza chadzo; “zuva richasvibiswa mukufamba kwaro, nemwedzi uchaita kuti chiedza chawo chisavheneke.

11 Uye “ndicharanga nyika nenzira yekutadza, nevatadzi vacharangwa nokutadza kwavo; ndichaita kuti kuzvida ^bkweunodada kupere, uye

ndichabvisa kuzvikudza kwe-anotyisa.

12 Ndichaita kuti “munhu akoshe kupfuura goridhe; akoshe kunyange kupfuura goridhe reOfiri.

13 Naizvozvo, ndichaita kuti denga rizunguzike, uye nyika “ichabva munzvimbo mayo, mukushatirwa kwalshe veHondo, uye muzuva rehasha dzavo dzinotyisa.

14 Uye vachaita semhara iri “kutandaniwa, uye sehwei dzisina muridzi; uye vachati munhu ega-ega adzokere kuvanhu vekwake, uye vagotizira mumwe nomumwe kunyika kwake.

15 Mumwe nomumwe anodada achabaiwa; hongu, uye wose uyo akabatana nevakaipa achapuzika nemunondo.

16 Vana vavo vachapazurwa-pazurwa pamberi pavo vakatarisa; dzimba dzavo dzicharozvwa uye vakadzi vavo vagobatwa chibharo.

17 Tarisai, ndichaita kuti vaMedia vavamukire, vasina hanyn’ a nesirivha kana goridhe, zve havafadzwe nazvo.

18 Miseve yavo ichadambura-dambura majaya; zve havazove netsitsi kumichero yenhumbu maziso avo haazonzwira vana vadiki tsitsi.

19 Uye Babironi, gamba reushe, “runako nerudado rweKardia, richaita sezvakaita

4a Zek. 14:2-3.

b Zek. 12:3.

9a NKM Pasi—Kusukwa kwepasi pano.

10a NKM Nyika—Kuguma kwenyika.

11a Mara. 4:1.

b D&Z 64:24.

12a Isa. 4:1-4.

13a NKM Pasi—Mamiriro ekupedzisira epasi pano.

14a KANA mhuka inovhimwa.

19a NEMAMWE MAZWI kuzvida.

^bSodoma neGomora pazvakaparradzwa naMwari.

20 Hapana ^aanzogaramo, zve hapana anozovakamo zvizvarwa nezvizvarwa: Kana va-Arabia havachazodzika tende dzavo imomo; kana vafudzi vehwai havachazovaka matanga avo imomo.

21 Asi mhuka ^adzesango dzichagaramo; dzimba dzavo dzichazara nemakava; nemazizi achagaramo, uye ^bzvikatora zvichatambamo.

22 Uye mhuka dzesango dzemuzvitsuwa dzichachema mumatongo ^aedzimba dzavo, ^bzvipukanana mumatongo mudzimba dzavo dzemadzimambo; nguva yake yave pedo nekusvika, uye zuva rake harichanonotswa. Nokuti ndichamuparadza nokukurumidza; hongu, nokuti ndichaitira vanhu vangu tsitsi, asi vakaipa vachafa.

CHITSAUKO 24

Israeri ichaunganidzwa uye igogara muzororo remirenyamu — Rusifa akatandwa kudenga nenzira yekupanduka — Israeri achakunda Babironi (nyika) — Enzanisa naIsaya 14. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

NOKUTI Ishe vachanzwira Jakobo

tsitsi, uye ^avagosarudzazve Israeri, vagovaisa munyika mavo; uye ^bvatorwa vachasanganiswa navo, uye vagonamaitira kuimba yaJakobo.

2 Uye ^avanhu vachavatora vovaisa kunzvimbo dzavo; hongu, kubva kure kumagumo enyika; vagodzokera ^bkunyika dzavo dzechipikirwa. Uye imba ya-Israelaeri ndiyo ichave varidzi vadzo, uye nyika yaIshe ichave ^cyevaranda nevarandakadzi; uye vachatapa avo vakange vavatapa; vagotonga vaivadzi-vinyirira.

3 Uye zvichaitika kuti muzuva iroro Ishe vachakupai ^azororo, mukusuwa kwenyu, nemukutya menyu, nemumajoto amakange makasungwa nawo.

4 Uye zvichaitika muzuva iroro, kuti muchatora tsumo iyi muchirwisa mambo ^aweBabironi, muchiti: Ko mudzvinyiriri apera sei, neguta regoridhe rapera sei!

5 Ishe vatyora mubhadha wovakaipa, netsvimbo dzeushe dzevatongi.

6 Iye akarova vanhu nehasha neshamhu isingaperi, uyo akatonga marudzi nehasha, anotambudzwa, uye hapana anomudzivirira.

7 Pasi pose pakazorora, uye panyerere; vanovamba ^akuimba.

19^b Gen. 19:24–25;
Deut. 29:23;
2 Ni. 13:9.

20^a Jer. 50:3, 39–40.

21^a Isa. 34:14–15.

^b CHIHEB mbudzi hono, kana madhimoni.

22^a CHIHEB dzimba

dzemadzimambo.
^b CHIHEB (zvingangove) makava, kana imbwa dzemusango.

24 ^{1a} Zek. 1:17.

^b Isa. 60:3–5, 10.

2^a NEMAMWE MAZWI

Mamwe marudzi achabatsira Israeri.

^b NKM Nyika yeChipikirwa.

^c Isa. 60:14.

3^a Josh. 1:13;

D&Z 84:24.

4^a NKM Baberi, Babironi.

7^a Isa. 55:12.

8 Hongu, “miti-yemisaipurasi inokufarira iwe, nemisidhari yeRebanoni, ichiti: Kubvira ^bkuradzikwa pasi kwawakaitwa hakuna ‘munhu ati auya kuzo-
tirwisa.

9 “Gehena rinobvisirwa imi kubva pasi kuti rigosangana nemi pakuuya kwenyu; rino-
kudenherai ^bvakafa, kana vose vakuru-vakuru vepasi; rakabvi-
sa ose madzimambo epasi pose pazvigaro zvavo.

10 Zvose zvavachakwanisa kutaura kwamuri: Asi imi ma-
rukutika sesu here? Asi mato-
fanana nesu?

11 Kushamisira kwako kwadzi-
kiswa muguva; ruzha rwemi-
mhanzi yako harwuchanzwikwa;
muviri wako wava nehonye,
uye watongova makonye ega.

12 Kupunzika “sei kwawaita
kubva kudenga, iwe ^bRusifa,
mwanakomana werungwanani!
Hausi wapunzirwa pasi here,
iwe waishaisa simba marudzi!

13 Nokuti watoti mumwoyo
mako: “Ini ndichakwira kude-
nga, ndosimudza ngundu
yangu iende pamusoro penye-
nyedzi dzaMwari; ndichagara
pamusoro pegomo ndakatarisa

gungano, kurutivi ^brwekucha-
mhembe.

14 Ndichakwira kusvika nda-
pfuurira makore; ndichaita
saiye Wokudenga-denga.

15 Kunyange zvakadaro ucha-
deredzwa kusvika kugehena,
kumativi “egomba.

16 Avo vachakuona “vachaku-
shora, vachakutarisa, vachiti:
Ndiye here murume uye aiita
kuti nyika izunguzike, aityiwa
nekudederwa nemadzimambo?

17 Uye akaita nyika inge renje,
akaparadza maguta aivemo,
uye akasazurura dzimba dzeva-
sungwa vake?

18 Ose madzimambo emaru-
dzi, hongu, vose zvavo, iye
zvino varere nembiri, munhu
ega-ega mumba “make.

19 Asi wabviswa muguva
mako sebazi “rinonyangadza,
uye avo vakasara pane vakau-
raiwa, avo vakabaiwa nemu-
nondo, vanoenda ^bkumabwe
emugomba; semhuka yakafa
yatsikwa-tsikwa netsoka.

20 Hauzovigwa pamwechete
navo, nokuti wakaparadza nyi-
ka yako uye ukauraya vanhu
vekwako; “mbeu ^byevanoita-
zvakaipa haife yakaita mbiri.

8a CHIHEB cypresi.
b NEMAMWE MAZWI
murufu.
c CHIHEB anotema
(miti) haasati
atinga.
9a NKM Gehena.
b NEMAMWE MAZWI
mweya isina muviri.
12a D&Z 76:26.
b CHIHEB nyenyedzi
yerungwanani,
mwanakomana
wemhambakwedza.

Mutongi wenyika
yohuipi (Babironi)
anotaurwa nezvake
saRusifa, mutongi
wehuipi hwose.
NKM Dhiabhorosi;
Rusifa.
13a Mos. 4:1–4.
b NEMAMWE MAZWI
munogara vanamwari
maererano
nechitendero
chemaBabironi.
Mpi. 48:2.

15a 1 Ni. 14:3.
16a CHIHEB kukutarisa
neparutivi vagofunga
nezvako.
18a NEMAMWE MAZWI
guva remhuri yake.
19a NEMAMWE MAZWI
bazi rakaipa,
rakakwanhura uye
rikaraswa.
b NEMAMWE MAZWI
pasi pekupedzisirisa.
20a Mpi. 21:10–11; 37:28.
b NKM Akaipa.

21 Gadzirira kuuraya vana vake nenzira “yekutadza kwe-madzibaba avo, kuti vasazomaka, kana kuzotonga nyika, kana kuzadza uso hwenyika nemaguta.

22 Nokuti ndichavamukira, vanodaro Ishe veHondo, ndovabvisa muBabironi “nezita, nevanenge vasara, nemwanakomana, ^bnemuzukuru, ndozvintaura Ishe.

23 Ndichaitawo “nzvimbo inogarwa nemazizi, nemadziva emvura; ndichaitsvaira ^bnemutsvairo wekuperadza, vanodaro Ishe veHondo.

24 Ishe veHondo vakapika vachiti: Chokwadi sezvanda-funga, ndizvo zvichaitika; uye sezvandaita, ndizvo zvichamira—

25 Kuti ndichaunza “muAsiria munyika mangu, uye mumakomo ^bangu ndigomutsika-tsika pasi petsoka; ipapo ‘jokwi rake richabva pavari, nemuturo wake uchabva pamapfudzi avo.

26 Ndiro zano rafungirwa pasi pose; uye urwu ndirwo ruoko rwatambanudzwa pamusoro pemarudzi ^aose.

27 Nokuti Ishe veHondo vakazvidzika, uye ndiani anga-

zvirambe? Uye ruoko rwavo rwatambanudzwa, ndiani angarwudzore?

28 Mutoro uyu wakauya “gore rakafa mambo ^bAhazi.

29 Musafare zvenyu, imi mose maFiristia, nokuti mubhadha weuyo akambokurovai watyoka; nokuti kubva mumudzi wenyoka muchabuda rovambira, uye vana vayo vachave nyoka dzinotyisa dzinobhururuka.

30 Uye dangwe revarombo richadya, uye vanoshaya vacharara vasina chavanotyia; uye ndichauraya midzi yako nenzara, uye achauraya vanenge vasara.

31 Chema, iwe suwo; chema, iwe guta; imi, mose maFiristia, maparadzwa; nokuti kuchamhembe kuchabva utsi, uye hapana achange ari ega panguva dzake dzaakatarirwa.

32 Ko nhumwa dzemarudzi dzichapindura dzichiti chii? Vachati Ishe akamisa “Zioni, uye ^bvarombo vevanhu vake vachawana ‘ruvimbo mairi.

CHITSAUKO 25

Nifai anofadzwa nekuisa zvinhu

21a Eks. 20:5.

22a Zir. 10:7.

^b Jobo 18:19.

23a Isa. 34:11–15.

^b KANA mutsvairo.

25a Musoro wenyaya unoshanduka kuenda kune kurwisa kweAsiria nekuwa kwayo muJuda, 701 Kristu asati azvarwa (ndima 24–27).
II Madz. 19:32–37;

Isa. 37:33–38.

^b NEMAMWE MAZWI makomo eJuda nelsraeri.

^c Isa. 10:27.

26a NEMAMWE MAZWI Pakupedzisira kwazvo marudzi ose enyika achaparadzwa saizvozwi.

28a NEMAMWE MAZWI Zvingangove 720 Kristu asati azvarwa,

mutoro uyu kana shoko rekuperadza iri rakaporofitwa pamusoro pemaFiristia, apo Juda ichachengetedzwa.
^b II Madz. 16:20.

32a NKM Zioni.

^b Zef. 3:12.

^c KANA kutsvaga kuvanda mairi.

pachena—*Chiporofita chalsaya chichanzwikwa mumazuva ekupe-dzisira*—*MaJuda vachadzoka kubva kuBabironi, vorovera Mesia, uye voparadzwa vorangwa zvakaomarara*—*Vanozoponeswa kana vave kutenda munaMesia*—*Achantanga kuuya mushure memazana matanhatu emakore Rihai abva muJerusarema*—*MaNifai vanotevedza murau waMosesi uye vachitenda munaKristu, uyo Mutsvene waIsraeri. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.*

ZVINO ini Nifai, ndinotaura zvishoma-shoma pamusoro pemazwi andakanyora, akataurwa nemuromo walsaya. Nokuti tarisai, Isaya akataura zvinhu zvizhinji izvo zvakange “zvakaomera vanhu vazhinji vekwedu kuti vanzwisise; nokuti havana zvavanzoziva maererano netsika yekuporofita kwamaJuda.

2 Nokuti ini Nifai, handina kuvadzidzisa zvinhu zvizhinji pamusoro petsika dzamaJuda, nokuti “mabasa avo aiva mabasa erima, uye kuita kwavo kwaiva kuita kweruvengo.

3 Nokudaro, ndinonyorera kuvanhu vekwangu, kune vose avo vachagashira zvinhu izvi zvandanyora, kuti vagoziva kutonga kwaMwari, kuti kunouya kumarudzi ose, maererano nemazwi avakataura.

4 Nokudaro, teererai imi vanhu vekwangu, imi vemba

yaIsraeri, uye muteerere kumazwi angu; kana dai zvazvo mazwi alsaya musinganyatso-anzwisisa, zvakadaro mazwi ari pachena kwazvo kune avo vose vakazadzwa “nemweya^b wechiporofita. Asi ndinokupai chiporofita, maererano nemweya uri mandiri; nokudaro ndichaporofita “ndichiisa pachena sekuita kwandange ndichingaita kubvira nguva yandabva Jerusarema ndiina baba vangu; nokuti tarisai, mweya wangu unofarira kuisa zvinhu pachena kuvanhu vekwangu, kuti vagodzidza.

5 Hongu, nemweya wangu unofadzwa nemazwi “alsaya, nokuti ndakabva Jerusarema, uye maziso angu akaona tsika^b dzamaJuda, uye ndinoziva kuti maJuda anonzwisisa zvinhu zvemaporofita, uye hakuna vamwe vanhu vanonzwisisa zvinhu zvakataurwa kumaJuda, saivo, kunze kwekunge vatodzidziswa tsika nekugara kwemaJuda.

6 Asi tarisai, ini Nifai, handina kudzidzisa vana vangu netsika inodzidzisa maJuda, asi tarisai, ini pachangu, ndakagara muJerusarema, nokudaro ndinoziva nezvematunhu eruwa urwu; uye ndakataurira vana vangu maererano nekutonga kwaMwari, uko “kwakaitwa mukati mavaJuda, kuvana vangu, maererano nezvose zvakataurwa naIsaya, uye handizvinyore.

25 1a 2 Ni. 25:5–6.
2a II Madz. 17:13–20.
4a NKM Mweya
Mutsvene.

^b NKM Huporofita.
c 2 Ni. 31:3; 33:5–6;
Jak. 4:13.
5a 1 Ni. 19:23;

3 Ni. 23:1.
^b NKM maJuda.
6a 2 Ni. 6:8;
Hir. 8:20–21.

7 Asi tarisai, ini ndinoenderera nechiporofita changu, chiri maererano “nekuisa pachena kwangu; uko kwandinoziva kuti kunoita kuti vanhu vasakanganise; zvakadaro, mumazuva achazadzikiswa chiporofita cha-Isaya vanhu vachaziva nechokwadi, kuti zvinhu izvi zvichaitika rinhi.

8 Nokudaro, “zvinokosha kuvana vevanhu, uye uyo anofunga kuti hazvina basa, kwavari ndiko kwandichanyanya kutaura, uye ndigoisa mazwi angu kuvanhu ^bvekwangu chete; nokuti ndinoziva kuti achave anokosha kwazvo kwavari mumazuva ^cekupedzisira; nokuti muzuva iroro ndimo mavachanzwisisa; nokudaro, ndaanyora kuti agovayamura.

9 Uye sezvo chimwe chizvarwa mumaJuda ^achakaparadzwa nenzira yezvitadzo, naizvo vachaparadzwa chizvarwa nechizvarwa maererano nezvitema zvavo; uye hakuna mumwe wavo akamboparadzwa asati ^bafanoyambirwa nevaporofita valshe.

10 Nokudaro, vakataurirwa nezvekuparadzwa kwakange kuchizoitika mushure mekubva kwababa vangu muJerusarema; zvakadaro, vakaomesa mwoyo

yavo; uye maererano nechiporofita changu ^avakaparadzwa, kunze kweavo ^bvakatakurwa kuenda Babironi senhapwa.

11 Uye zvino ndinotaura izvi nenzira yemweya uri mandiri. Uye hazvinei kuti vakatapwa vachadzoka zvakare, uye vagotoro nyika yeJerusarema; nokudaro, ^avachadzorerwa zvakare munyika yenhaka yavo.

12 Asi tarisai, vachave nehondo, nerunyerেকেপে rwehondo; uye kana zuva rasvika rekuti ^aMumwechete Akaberekwa wa-Baba, hongu, kana ivo Baba vekudenga nenyika, vachazviratidza ivo vomene munyama, tarisai, vachamuramba, nenzira yekuipa kwavo, nehukukutu hwemwoyo yavo, nekuomarara kwemitsipa kwavo.

13 Tarisai, ^avachamurovera; uye mushure mekuradzikwa ^bmuguva kwemazuva ^cmatatu ^dachamuka kubva kuvakafa, ane kurapa mumapapiro ake; uye avo vose vachatenda muzita rake vachaponeswa muumambo hwaMwari. Nokudaro, mweya wangu unofara kuti ndiporofite pamusoro pake; nokuti ^endakariona zuva rake, uye mwoyo wangu unokudza zita rake dzvene.

14 Uye tarisai zvichaitika kuti

7a 2 Ni. 32:7;

Aruma 13:23.

8a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

b Eno. 1:13-16;

Morm. 5:12-15;

D&Z 3:16-20.

c NKM Mazuva

Ekupedzisira.

9a Jer. 39:4-10;

Mat. 23:37-38.

b Amosi 3:7; 1 Ni. 1:13.

10a 1 Ni. 7:13; 2 Ni. 6:8;

Omu. 1:15;

Hir. 8:20-21.

b II Madz. 24:14;

Jer. 52:3-16.

11a Ezra 1:1-4; Jer. 24:5-7.

12a NKM Mumwechete

Akaberekwa.

13a Ruka 23:33.

b Joh. 19:41-42;

1 Ni. 19:10.

c Ruka 24:6-7;

Mosaya 3:10.

d NKM Kumuka

Kuvakafa.

e 1 Ni. 11:13-34.

mushure mekumuka “kwaMesia kuvakafa, uye azviratidza kuvanhu vake, kune vose vari vazhinji vachatenda muzita rake, tarisai, Jerusarema ^bichaparadzwa zvakare; nokuti nhamo kune avo vanorwisana naMwari nevanhu vechechi yake.

15 Nokudaro, “maJuda ^bachaparadzirwa mukati memamwe marudzi ose; hongu, ‘neBabironiwo ichaparadzwa; nokudaro, maJuda achaparadzwa nema-mwe marudzi.

16 Uye mushure mekunge vaparadzirwa, uye Ishe Mwari vavarovesa nemamwe marudzi kwezvizvarwa zvizhinji, hongu, kana kuchizvarwa zvichienda kune chimwe chizvarwa kudakara vanyengetedzwa “mukutenda munaKristu, Mwanakoma waMwari, nemurudzikinuro, urwo rwusingaverengeke kurudzi rwose rwemunhu—uye kana zuva rekuti vanenge vave kutenda munaKristu, nekunamata Baba muzita rake, nemwoyo isina tsvina nemaoko akachena, uye vosiya zvekutarisira mumwe Mesia, zvino, panguva iyoyo, zuva richasvika rekuti zvinotofanira kuti vate-nde muzvinhu izvi.

17 Uye Ishe vachasimudza ruoko rwavo zvakare kechipiri

kuti “vadzore vanhu vavo kubva mukurasika mukupunzika kwavo. Nokudaro, vachaita basa ^brinoshamisa neminana mukati mevana vevanhu.

18 Nokudaro, vachauza “mazwi avo kwavari, ari mazwi ^bachavatonga muzuva rekupedzisira, nokuti achapiwa kwavari kuitira ‘kuvapwisa nezvaMesia wechokwadi, uyo avakaramba; nekuvapwisa kuti havafanire kutarisira zvakare kuuya kwaMesia, nokuti hakuna mumwe achauya, kunze kwekunge ari Mesia ^awekunyepera anonyengedza vanhu, nokuti kuna Mesia mumwechete anotaura namaporofita, uye iye Mesia iyeyo ndiye acharambwa namaJuda.

19 Nokuti maererano nemazwi emaporofita, “Mesia anouya kwapera mazana ^bmatanhatu emakore kubvira panguva yakabva baba vangu kuJerusarema; uye maererano nemazwi emaporofita, nemazwiwo ‘engirozi yaMwari, zita rake richanzi Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

20 Uye zvino, hama dzangu, ndataura ndichiisa zvinhu pachena kuti musazokanganisa. Uye kana Mwari vari mupenyu avo ^avakaburitsa vana valsraeri

14a NKM Mesia.

b Ruka 21:24;

JS—Mat. 1:1–18.

15a NKM maJuda.

b Neh. 1:8–9;

2 Ni. 10:6.

c NKM Baberi, Babironi.

16a 2 Ni. 10:6–9; 30:7;

Morm. 5:14.

17a 2 Ni. 21:11–12; 29:1.

NKM Kudzorera

pakare kweVhangeri.

b Isa. 29:14; 2 Ni. 27:26;

3 Ni. 28:31–33.

18a 2 Ni. 29:11–12; 33:11, 14–15.

b NKM Kutonga, Kwekupedzisira.

c 2 Ni. 26:12–13.

d NKM Asingade Kristu.

19a NKM Jesu Kristu—

Zviporofita

nezvekuzvarwa uye

nerufu rwajesu

Kristu.

b 1 Ni. 10:4;

3 Ni. 1:1, 13.

c 2 Ni. 10:3.

20a Eks. 3:7–10;

1 Ni. 17:24, 31; 19:10.

munyika yeEgipita, uye vaka-pa Mosesi simba ^brekurapa marudzi mushure mekunge varumwa nenyoka dzine uturu, kana vachinge vatarisa ‘nyoka iyo yaakange asimudza pamberi pavo, uye vakamupawo simba rekuti arove ^ddombo ribude mvura; hongu, tarisai ndinoti kwamuri, sezvo zvinhu izvi zviru zvechokwadi, uye sezvo Ishe Mwari vari mupenyu, hapana rimwe ^ezita rinopiwa pasi pedenga kunze kwera Jesu Kristu, iro randata-ura, rinove ndiro rinoponesa vanhu.

21 Nokudaro, pamusoro pechikonzero ichi Ishe Mwari vakandivimbisa kuti zvinhu zvandiri ^akunyora izvi zvichachengetedzwa, uye zvigopiwa kumbeu yangu, kubva kuchizvarwa ichi zvichisiirwa chizvarwa icho, kuti chivimbiso chizadzikiswe kuna Josefa, zvekuti mbeu yake ^bhaichazoparara kana nyika ichiripo.

22 Nokudaro, zvinhu izvi zvichaenda kuzvizukuru nezvizukuru kana nyika ichiripo; uye zvichaita sekuda kwaMwari nekumufadza kwazvinenge zvichiita; uye marudzi anenge

ainazvo “achatongwa nazvo maererano nezvakanyorwa.

23 Nokuti tinoshanda nesimba kuti tinyore, kuti ^atinyengetedze vana vedu, nehama dzeduwo, nekuti vatende munaKristu, nokuti vayanane naMwari; nokuti tinoziva kuti tinoponeswa ^bnenyasha, mushure mezvese zvatinokwanisa ^ckuita.

24 Uye, zvakadaro tinotenda munaKristu, ^atinochengeta murau waMosesi, totarisira nokushinga kuna Kristu, kudakara murau wadzikiswa.

25 Nokuti, nechikonzero ichi ^amutemo wakapiwa; nokudaro mutemo wave chinhu ^bchakafa kwatiri, uye isu tinoitwa vapenyu munaKristu pamusoro perutendo rwedu; asika tinochengeta murairo pamusoro pezvatinonzi tiite.

26 Uye ^atinotaura nezvaKristu, tinofara muna Kristu, tinoparidza nezvaKristu, ^btinoporofita nezvaKristu, uye tinonyora maererano nechiporofita chedu, kuti ^cvana vedu vagoziva kwekuenda kana votsvaka ^dkuregererwa zvitema zvavo.

27 Nokudaro, tinotaura nezve-murau kuti vana vedu vagoziva nezvekufa kwemurau; uye

20b Joh. 3:14;
1 Ni. 17:41.
c Num. 21:8-9;
Aruma 33:19;
Hir. 8:14-15.
d Eks. 17:6;
Num. 20:11;
1 Ni. 17:29; 20:21.
e Hos. 13:4;
Mabasa 4:10-12;
Mosaya 5:8;
Mos. 6:52.
NKM Muponesi.

21a 2 Ni. 27:6-14.
b Amosi 5:15;
2 Ni. 3:16;
Aruma 46:24-27.
22a 2 Ni. 29:11; 33:10-15;
3 Ni. 27:23-27.
23a NKM Vana.
b VaR. 3:23-24;
2 Ni. 2:4-10;
Mosaya 13:32;
Aruma 42:12-16;
D&Z 138:4.
NKM Nyasha.

c Jkb. 2:14-26.
NKM Mabasa.
24a Jak. 4:4-5.
25a NKM Mutemo
waMosesi.
b VaR. 7:4-6.
26a Jak. 4:12;
Jar. 1:11;
Mosaya 3:13.
b Ruka 10:23-24.
c NKM Vana.
d NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

ivo, nokuziva kufa kwemurau, vangatarisire kuupenyu huri muna Kristu, vagoziva chikonzero chakaisirwa murau. Uye mushure mekunge murau wazadzikiswa munaKristu, vazive kuti havana chikonzero chavangaomesere mwoyo yavo kwaari iwo murau uchifanira kubviswa.

28 Uye zvino tarisai, vanhu vangu, mune “mitsipa-yakaoma; nokudaro, ndataura nemi ndichiisa zvinhu pachena, kuti musashaya kunzwisisa. Uye mazwi andataura ^bachakuroverai; nokuti akakwana ‘mukudzidzisa ani nani zvake nzira yakanaka; nokuti nzira yakanaka kutenda muna Kristu nokusamuramba; nokuti nekumuramba muri kumambawo maporofita nemurau.

29 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri nzira yakanaka kutenda kuna Kristu, uye musamurambe; uye Kristu ndiye Mutsvene waIsraeri; nokudaro makafanira kupfugama pamberi pake, uye momunamata “nekugwinya kwenyu kwose, nepfungwa dzenyu dzose, nesimba renyu rose; uye mukaita izvi hamuzoraswa.

30 Uye, sekufanira kwazvine nge zvakaita, makafanira kuchengetedza zviito “nezvisungo zvaMwari kusvikira murau wazadzikiswa uyo wakapiwa kuna Mosesi.

CHITSAUKO 26

Kristu achadzidzisa kuvaNifai—Nifai anofanoona kuparadzwa kwevanhu vekwake—Vachataura vari muguruva—MaJentairi vachavaka machechi dzemanyepo nezvikwata zvemuruvande—Ishevanorambidza vanhu kuita hupirisita husakarurama. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE mushure “mekumuka kwaKristu kuvakafa ^bachazviratidza kwamuri, vana vangu, nemi hama dzangu dzinodiwa; uye mazwi aachataura kwamuri ndiwo ‘mutemo wamuchatevedza.

2 Nokuti tarisai, ndinoti kwamuri ndaona kuti kuchaita zvizvarwa zvizhinji zvichapfura, uye kuchave nehondo nokupopedzana pakati pevanhu vekwangu.

3 Uye mushure mekunge Mesia auya vanhu vekwangu vachapiwa ^azviratidzo ^bzvekuzvarwa kwake, nezvekufa neku-muka kwake; uye zuva iroro richave zuva guru rakaipa rinytisa kune vakaipa, nokuti vachafa; uye vanofa nokuti vakadzanga maporofita, nevate-ndi, uye vakavatemala nematombo, vakavauraya; nokudaro kuchema ‘kweropa ravatendi kuchakwira kudenga kuchibva pasi kuchivaroverera.

28a Mosaya 3:14.
b NKM Uchapupu.
c 2 Ni. 33:10.

29a Deut. 6:5;
Marko 12:29–31.

30a NKM Zvisungo.

26 1a 3 Ni. 11:1–12.

b 1 Ni. 11:7; 12:6.

c 3 Ni. 15:2–10.

3a 1 Ni. 12:4–6.

NKM Chiratidzo.

b NKM Jesu Kristu—

Zviporofita nezvekuzvarwa uye nerufu rwaJesu Kristu.
c Gen. 4:10; 2 Ni. 28:10; Morm. 8:27.

4 Nokudaro, vose avo vano-zvida, neavo vane mabasa akai-pa, zuva riri kuuya iri ^arichava-pisa, ndizvo zvinotaura Ishe weHondo, nokuti vachaita semashanga.

5 Uye vachauraya maporofita, nevatendi, ^avachamedzwa neudzamu hwenyika, ndizvo zvinotaurwa naIshe veHondo; uye vachafukidzwa ^bnemakomo, zvinyamupupuri zvichavata-kura, uye dzimba dzichava-punzikira dzigovadzvinzirira nokuvaita kanyama-kanyama nekuvakuya kusara vaita seupfu.

6 Uye vachavingwa nemabhana'ana, nemheni, nekundengendeka kwenyika, nezvinhu zvose zvinoparadza, nokuti moto wekushatirwa kwaIshe unenge wabatidzwa wovarwisa, uye vachaita semashanga, uye zuva rinouya richavadya, ndiko kutaura kwaIshe veHondo.

7 Iko kurwadza kwacho, nokutambudzika kwemweya wangu pamusoro pekurasikirwa neavo vakauraiwa vevanhu vekwangu! Nokuti ini Nifai, ndakazviona, uye zvikange zvichandidya ndiri pamberi paIshe; asi ndakafanira kuche-ma kuna Mwari vangu: Nzira dzenyu ^adzakarurama.

8 Asi tarisai, avo vatsvene vanoteerera mazwi emaporofita, vasingaaparadze, asi vachitarisa

kuna Kristu nekushinga kuti vaone zviratidzo zvinopiwa, vasinei ^anekunetswa kwose—tarisai, ivavo ndivo ^bvasingafe.

9 Asi Mwanakomana weKururama ^aachazviratidza kwavari; uye ^bachavarapa, uye vachawana ^crunyararo naye, kudakara kupfuura kwezvizvarwa ^dzvitatatu, uye kana vazhinji vechizvarwa ^echekina vanenge vapfuura vari mukururama.

10 Uye kana zvinhu izvi zvaitika ^akuparadzwa nokukurumidza kuchauya kuvanhu vekwangu; nokuti, kana dai mweya wangu uchirwadziwa, ndakazviona; nokudaro, ndinoziva kuti zvichaitika; uye vanozvitengesa pasina mubairo; nokuti, semubairo wekudada kwavo nekupusa kwavo vachakohwa kuparadzwa; nokuti vanokundwa nadhiabhoro-si uye vosarudza mabasa erima vachisiya echiedza, saka vakafanira kuenda ^bkugehena.

11 Nokuti Mweya waIshe ^ahauzogare nguva dzose uchishanda nevanhu. Uye kana Mweya warega kushanda nevanhu panobva pauya kuparadzwa kukuru nokukurumidza, uye izvi zvinosuwisa mwoyo wangu.

12 Uye sekutaura kwandakaita maererano ^anezvekupwiswa ^bkwemaJuda, kuti Jesu uyu

4a 3 Ni. 8:14–24; 9:3, 9.
5a 1 Ni. 19:11; 3 Ni. 10:14.
b 3 Ni. 8:10; 9:5–8.
7a NKM Yenzaniso.
8a NKM Kupfuvisa.
b 3 Ni. 10:12–13.
9a 3 Ni. 11:8–15.

b 3 Ni. 17:7–9.
c 4 Ni. 1:1–4.
d 1 Ni. 12:11–12;
3 Ni. 27:30–32.
e Aruma 45:10–12;
Hir. 13:9–10.
10a Aruma 45:9–14;

Morm. 8:1–9.
b NKM Gehena.
11a Eta 2:15.
12a 2 Ni. 25:18.
b 2 Ni. 30:7;
Morm. 5:14.
NKM maJuda.

ndiye Kristu ‘chaiye, zvinofanira kuti maJentairi apwiswewo kuti Jesu ndiye Kristu, Mwari Vokusingaperi.

13 Uye nokuti anozviratidza pachake kune avo vose vanotenda maari, nesimba “reMweya Mutsvene; hongu, kumarudzi ose, ndimi, nevanhu, achiita zvizhamiso zvikuru, zviratidzo, neminana, mukati mevana vevanhu maererano nerutendo rwavo.

14 Asi tarisai, ndinoporofita kwamuri maererano nemazuva “ekupedzisira; maererano nemazuva Ishe Mwari ^bavachaunza zvinhu izvi kuvana vevanhu.

15 Mushure mekunge mbeu yangu nembeu yehama dzangu yaderera mukusatenda, uye varohwa nemaJentairi; hongu, mushure mekunge Ishe Mwari vavakomberedza, uye vavamanikidzira pakati pemakomo, uye vamisa misasa yekuvarwisa; uye mushure mekunge vatururwa vave muguruva, kana dai vasina, asika mazwi evakarurama achanyorwa, uye miteuro yevanotenda ichanzwikwa, uye avo vose vaderera mukusatenda havazokanganwikwa.

16 Nokuti avo vachaparadzwa “vachataura kwavari vave muvhu, uye kutaura kwavo kuchave pasi-pasi kuchibva

muguruva, uye mazwi avo achaita seevanosvikirwa; nokuti Ishe Mwari achamupa simba, kuti agoita kazeve-zeve pamusoro pavo, kunge zviri kubva pasi; uye kutaura kwavo kuchaita sezeve-zeve riri kubva muguruva.

17 Nokuti Ishe Mwari vanotaura vachiti: “Vachanyora zvinhu zvichaitwa pakati pavo, uye zvichanyorwa zvigonamirwa mubhuku, uye avo vaderera mukusatenda havazviwane, nokuti ^bvanotsvaka kuparadza zvinhu zvaMwari.

18 Nokudaro, sezvo avo vakaparadzwa vakaparadzwa nokukurumidza; uye mhomho dzevanhu vavo vakaipa dzichave “semarara anokukurwa — hongu, ndiko kutaura kunoita Ishe: Zvichaitika nechinguvana, chinongoerekana —

19 Uye zvichaitika, kuti avo vakaderera mukusatenda “vacharohwa neruoko rwemaJentairi.

20 Uye maJentairi vanozvida “nokudada kana vakazvitarisa, uye ^bvanopingaidzwa, nenzira “yezimhinga-mupinyi guru, nokuvaka “machechi akawanda; zvisinei, vanokanda pasi simba nezvizhamiso zvaMwari, uye vagozviparidzira zvavo zveungwaru hwavo “nedzidziso

12c Morm. 3:21.

13a NKM Mweya Mutsvene.

14a NKM Mazuva Ekupedzisira.

b NKM Kudzororwa pakare kweVhangeri.

16a Isa. 29:4; Moro. 10:27;

Mos. 7:62.

NKM BhukuraMormoni.

17a 2 Ni. 29:12.

b Eno. 1:14.

18a Morm. 5:16–18.

19a 3 Ni. 16:8–9; 20:27–28.

20a NKM Kudada.

b 1 Ni. 13:29, 34.

NKM Kurasika Pachitendero.

c Ezk. 14:4.

d 1 Ni. 14:10; 22:23;

Morm. 8:28.

e Morm. 9:7–8;

2 Ni. 9:28.

yavo, kuti vagowana upfumi fhwavanotora kuvarombo.

21 Uye kune machechi mazhingi akavakwa anokonzera "ruchiva, nekunetsana, nepfini.

22 Uye kune zvikwata "zve-muruvande, sezvaitwa kare, maererano nezvikwata zva-dhiabhorosi, nokuti ndiye akatanga zvose zvinhu izvi; hongu, ndiye akatanga neumhondi, nemabasa erima; hongu, anovatungamira akavaisa chishwe muhuro, kusvika avaita mbira dzakondo zva-chose.

23 Nokuti tarisai hama dzinodiwa, ndinoti kwamuri Ishe Mwari havashande murima.

24 Hapana chavanoita kunze kwekunge chiri chinozoyamura pasi rose; nokuti "vanoda nyika, zvekuti vanopa upenyu hwavo kuti vakwezve vanhu ^bvose vauye kwavari. Nokudaro, hapana vavanoti havafanire kudya nhaka yeruponeso rwavo.

25 Tarisai, vanodaodzira here, vachiti: Ibvai kwandiri? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete; asi vanotaura vachiti: "Uyai kwandiri mose muri kumativi ose enyika, ^btengai mukaka neuchi, pasina mari uye pasina mutengo.

26 Tarisai, pane vavakambo-udza here kuti abve mumasinagogo, kana mudzimba

dzekunamatira? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete.

27 Pane vaakarambidza here kudya nhaka yake "yeruponeso? Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; asi ^bvakaipa kuvanhu vose pachena; uye vakataurira vanhu vake kuti vanyengetedze vanhu kuti ^avatendeuke.

28 Tarisai, ko Ishe vakamborambidza vanhu here kuti vasa-dye nhaka yekunaka kwavo? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete; asi ^avose vanepundutso umwe neumwe, uye hakuna kana mumwechete anosarudzwa kana kurambidzwa.

29 Anoti iye hakufanire kuve "nehufundisi-husakarurama; nokuti tarisai, hufundisi husakarurama kuti vanhu vanoparidza vachizvimisa sechiedza chenyika, vachiitira izvi kuti vawane upfumi ^bnerukudzo rwenyika; asi havatsvake magariro akanaka eZioni.

30 Tarisai, Ishe vakarambidza zvinhu izvi; nokudaro, Ishe Mwari vakapa murairo wekuti vose vanhu vakafanira kuve "nerudo rwakadzama, irwo rudo rwakadzama urwu ndirwo rwunova ^brudo rwechokwadi. Uye kunze kwekunge vaine rudo rwakadzama havana chavari. Nokudaro, kana vaine rudo rwakadzama havangabvumire kuti mushandi mu-Zioni afe.

20f Isa. 3:15; 2 Ni. 13:15.
21a NKM Chiva.

22a NKM Huranganwa
hwemuruvande.

24a Joh. 3:16.

^b 3 Ni. 27:14–15.

25a Aruma 5:33–35;

3 Ni. 9:13–14.

^b Isa. 55:1–2.

27a NKM Ruponeso.

^b VaE. 2:8; 2 Ni. 25:23.

^c NKM Rutendeuko.

28a VaR. 2:11;

1 Ni. 17:33–35.

29a NKM Unyengeri
hwehupirisita.

^b D&Z 121:34–37.

30a Moro. 7:47–48.

NKM Rudo

Rwakadzama.

^b NKM Rudo.

31 Asi mushandi ^amuZioni achashandira Zioni; nokuti kana vakashandira ^bmari vachafa.

32 Uye zvakare, Ishe Mwari ^avakaraira vanhu havafanire kuponda; kuti havafanire kunyepa; kuti havafanire kuba; vakati havafanire kupika nezita raIshe Mwari vavo ^bvachinyepa; vakati havafanire kuchiva; vakati havafanire kuve nepfini; vakati havafanire kuvengana; vakati havafanire kuita upombwe; uye vakati havafanire kuita kana chimwechete chezvinhu izvi; nokuti uyo achazviita achafa.

33 Nokuti zvitadzo zvose hapana zvinobva kuna Ishe; nokuti vanoita izvo zvakanaka mukati mevana vevanhu; uye hapana chavanoita kunze kwekunge chiri pachena kuvana vevanhu; uye vanovakoka vose kuti vazodya nhaka yekunaka kwavo; hapana ^avavanoramba anouya kwavari, mutema nemuchena, musungwa neasiri musungwa, murume nemukadzi; uye vanorangarira ^bmuhedeni; uye ^cvose vakafanana kuna Mwari, vose muJuda nemuJentairi.

CHITSAUKO 27

Rima nekurasika kuchazadza nyika yose mumazuva ekupedzisira — Bhuku raMormoni richauya — Vapupuri vatatu vachapupura

nezvebhuku iri — Vanhu vakadzidza zvokuru vachati havakwanisi kuverenga bhuku rakanamwa — Ishe vachaita basa rakanakisisa nechishamiso — Enzanisa naIsaya 29. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

Asi tarisai, mumazuva ^aekupedzisira, kana kuti mumazuva amaJentairi — hongu, tarisai marudzi ose emaJentairi nemaJudawo, vose avo vachauya munyika ino neavo vanenge vari kune dzimwe nyika, hongu, kana vari munyika dzose dzepasi, tarisai, vachadhakwa nezvitema netsika dzose dzaikaipa —

2 Uye zuva iro musi warinosvika vachashanyirwa naIshe veHondo, nemabhanan'ana nekundengendeka kwenyika, neruzha rwukuru, nedutu remhepo, nechamupupuri, ^anerimi romoto unopisa.

3 Uye ^amarudzi ose ^banorwisa Zioni, nokuishungurudza, vachaita sezvinoita anorota usiku; hongu, zvichaita kwavari, sezvinoita munhu ane nzara anorota, tarisai achidya asi paano pepuka anonzwa aine nzara; kana kuti munhu ane nyota anorota, tarisai achinwa uye tarisai paanomuka anonzwa aine nyota inomupedza simba, uye mweya wake unenge uine havi; hongu, ndizvo zvichaita mhomo dzose dzemarudzi dzinorwisana negomo reZioni.

31a NKM Zioni.
b Jak. 2:17–19;
D&Z 11:7; 38:39.
32a NKM Mirairo
yaMwari.

b NKM Kusvibisa.
33a Mabasa 10:9–35, 44–45.
b Aruma 26:37.
c VaR. 2:11; 1 Ni. 17:35.
27 1a NKM Mazuva

Ekupedzisira.
2a Isa. 24:6; 66:15–16;
Jak. 6:3; 3 Ni. 25:1.
3a Isa. 29:7–8.
b 1 Ni. 22:14.

4 Nokuti tarisai, imi mose mu-noita zvakaipa, imbomirai muone, nokuti muchachema, mugochema; hongu, mucharadza pasina kunwa waini, muchadzedzereka asi musina kunwa zvinodhaka.

5 Nokuti tarisai, Ishe vakudururirai mweya wehope dzakadzama. Nokuti tarisai, makatsinzinya maziso enyu, uye mukaramba vaporofita; uye vatongi venyu, nevaoni makavafukidza nenzira yezvitema zvenyu.

6 Uye zvichaitika kuti Ishe Mwari achaunza ^akwamuri mazwi ^bebhuku, uye achave mazwi evavo vakotsira zvekufa.

7 Uye tarisai bhuku richange ^arakanamwa; uye mubhuku umu munenge muine ^bzvakarurwa kubva kunaMwari, kubvira mukutanga kwepasi kusvika ^cmukuguma.

8 Nokudaro, nekuda kwezvinhu ^azvakanamwa, zvinhu zvakanamwa izvi ^bhazvizoburitswa vanhu vachiri muzvitema neruvengo rwavo. Nokudaro bhuku iri havazoriona.

9 Asi bhuku iri richapiwa ^akumurume, uye achataura mazwi ebhuku iri, ari mazwi evavo vakarara muguruva, uye achataura mazwi aya kune ^bmumwe;

10 Asi mazwi akanamwa

haataure, kana bhuku racho haariburitse. Nokuti bhuku iri rinenge rakanamwa nesimba raMwari, nechakazarurwa chakanamwa chichachengetwa chiri mubhuku kudakara nguva yasvika yaIshe, kuti zvigouya, nokuti tarisai, zvinoisa pachena zvose zvinhu kubvira kutanga kwenyika kudakara kupera kwayo.

11 Uye zuva richasvika rekuti mazwi ebhuku akanamwa achaverengwa vanhu vari pamusoro pedzimba; uye achaverengwa nesimba raKristu; uye zvose zvinhu ^azvichazururirwa vana vevanhu zvinhu zvagara zviripo pakati pevana vevanhu, uye zvinoramba zviripo kudakara kuguma kwenyika.

12 Nokudaro, musi iwoyo bhuku rave kupiwa kumurume uye andambotaura, bhuku richavigwa kuti maziso enyika asarione, kuti pashaye ane ziso ringarione asi kuti richaonekwa nemaziso ^aevapupuri ^bvatatu, nesimba raMwari, kunze kwe-mumwechete iyeyo achapiwa bhuku; uye vachapupura chokwadi chebhuku iri nezviri mariri.

13 Uye hakuna vamwe vanozoriona, kunze kwevashoma maererano nokuda kwaMwari, kuti vagopupura shoko rake kuvana vevanhu; nokuti Ishe

6a Jar. 1:2;

Morm. 5:12–13.

b 2 Ni. 26:16–17; 29:12.

НКМ Bhuku
raMormoni.

7a Isa. 29:11–12;

Eta 3:25–27; 4:4–7.

b Mosaya 8:19.

c Eta 13:1–12.

8a Eta 5:1.

b 3 Ni. 26:9–12;

Eta 4:5–6.

9a D&Z 17:5–6.

b Nh—JS 1:64–65.

11a Ruka 12:3;

Morm. 5:8;

D&Z 121:26–31.

12a Deut. 19:15.

b 2 Ni. 11:3;

Eta 5:2–4;

D&Z 5:11, 15; 17:1.

Mwari vakati mazwi evanotenda achataura “seanobva kune vakafa.

14 Nokudaro, Ishe Mwari vacharamba vachiunza mazwi ebhuku; uye vachaisa shoko iri kuvanhu vakawanda vapupuri sekuona kwavanoita kuti zvakafanira; uye nhamo kune uyo “acharamba shoko raMwari!

15 Asi tarisai, zvichaitika kuti Ishe Mwari vachati kune uyo wavachapa bhuku: Tora mazwi aya asina kunamwa woapawo kune mumwe, kuti agoaratidza kune vakadzidza, achiti; “Verengai izvi, ndapota. Vakadzidza vachati: Uya naro bhuku, uye ndiri verenge.

16 Uye zvino, nenzira yekuda mbiri munyika nekuwana “pfuma vanodaro, kwete kuti vanenge vachiitira Mwari.

17 Uye munhu ahati: Handikwanise kuuya nebhuku, nokuti rakanamwa.

18 Zvino vakadzidza vachati: Handikwanise kuriverenga.

19 Nokudaro, zvichaitika, kuti Ishe Mwari vachapa zvakare bhuku nemashoko kune uyo asina kudzidza; uye murume asina kudzidza ahati: Ini handina kudzidza.

20 Zvino Ishe Mwari vachati kwaari: Akadzidza haadi kua-verenga, nokuti akaaramba, uye ndinokwanisa kuita basa rangu

ndega; nokudaro uchaverenga mashoko andichakupa.

21 “Usabate zvinhu zvakana-mwa, nokuti ndichazviunza nguva yangu yakwana; nokuti ndicharatidza vana vevanhu kuti ndinogona kuzviitira basa rangu.

22 Nokudaro, kana maverenga mazwi andinenge ndakuraira, uye mawana “vapupuri vanda-kakuvimbisai, ndipo pamuchanama bhuku zvakare, moriviga kwandiri, kuti ndigochengetedza mazwi amusati maverenga, kudakara ndati ndaona ini mukuziva kwangu kuti zvafanira kuti zvose zvichienda pachena kuti vana vevanhu vachizviziva.

23 Nokuti tarisai, ndini Mwari; uye ndiri Mwari “wezvishamiso; uye ndicharatidza nyika kuti ndini ^bmumwechete yone wanezuro, nhasi, nokusingaperi; uye handishande pakati pevana vevanhu kunze ‘kwekunge vaine rutendo.

24 Uye zvakare zvichaitika kuti Ishe vachati kwaari uyo vachaverenga mashoko ayo achapiwa kwaari:

25 “Kana ivo vanhu vachitaura chete nemiromo yavo kuti vari pedyo neni, uye ^bvachindikudza nemiromo yavo chete, asi mwoyo yavo iri kure neni, uye kunditya kwavo vakakudzidziswa ‘nepfungwa dzevanhu—

26 Naizvozo, ndichaita basa

13a 2 Ni. 3:19–20; 33:13–15; Moro. 10:27.

14a 2 Ni. 28:29–30; Eta 4:8.

15a Isa. 29:11–12; Nh—JS 1:65.

16a NKM Unyengeri hwehupirisita.

21a Eta 5:1.

22a NKM Vapupuri veBhuku raMormoni.

23a NKM Chishamiso.

b VaH. 13:8.

c VaH. 11; Eta 12:7–22.

25a Isa. 29:13.

b Mat. 15:8.

c 2 Ni. 28:31.

“rakanakisisa muvanhu ava, hongu, basa ^brakanakisisa nemunana, nokuti uchenjeri hwevakachenjera vavo nevakadzidza zvichafa, nekunzwisisa kwevangwari vavo kuchashaika.

27 Uye “nhamo kune avo vanotsvaka zvakadzama kuviga mazano avo kuna Ishe! Uye mabasa avo ndeerima; uye vanoti: Ko anotiona ndiani, uye anotiziva ndiani? Uye vagotiwo: Zvirokwazvo, kupindura kwenyu zvinhu muchisunamisa nokupidigura kuchatorwa sekukosha kwerondo ^bremuumbi wehari. Asi tarisai, ndichavaratidza, Ishe veHondo vanotaura, kuti ndinoziva mabasa avo ose. Nokuti basa richati kumushandi, haana kundiita here? Uye kana zvivezwa zvingati here kune uyo azviveza, haana chaanoziva?

28 Asi tarisai, vanotaura Ishe veHondo: Ndicharatidza vana vevanhu chinguva chidiki-diki chete Rebanoni ichaitwa munda une kudya kuzhinji; uye iwo munda une kudya kuzhinji uchatorwa sesango.

29 “Uye musi iwoyo matsi dzichanzwa mashoko emubhuku, uye maziso emapofu achaona pasingaonekwe nemurima.

30 Uye avo “vakapfava naivo-wo vachawanda, uye ^brufaro rwavo rwuchava munalshe, uye varombo pakati pevanhu vachafara mune Mutsvene waIsraeri.

31 Nokuti sezvo Ishe vari mupenyu vachaona kuti “akai-pa anyadziswa, uye uyo anotuka amedzwa, uye avo vose vanogarira zvisinakururama vauraiwa;

32 Uye avo vanoita munhu “mutadzi nekuda kwezwi, nevanoteya munhu ^bmusuo rake, uye ^cvachisiya zvakana vachitora zvakaipa.

33 Naizvozvo, ndiko kutaura kwalshe, vakanunura Abrahamama, maererano namba yaJakobo: Jakobo haachanyara zvino, nekumeso kwake hakuratidze kunyadziswa.

34 Asi “paanoona vana vake, basa remaoko angu, vari pakati pake, vachaita kuti zita rangurive dzvene, uye vagoita kuti Mutsvene waJakobo ave mutsvene, uye vachatya Mwari waIsraeri.

35 Avowo “vakakanganisa mumweya vachanzwisisa, uye avo vaitsutsumwa ^bvachadzidza shoko.

CHITSAUKO 28

Chechi zhinji dzemanyepo dzichavakwa mumazuwa ekupedzisira —Dzichadzidzisa, manyepo, nezvisina maturo, nezvakapusa mukudzidzisa kwadzo —Kurasika pachitendero kuchawanda nenzi-ra yevadzidzisi vemanyepo—

26a 1 Ni. 22:8;
2 Ni. 29:1–2.
NKM Kudzorera
pakare kweVhangeri.
b Isa. 29:14;
2 Ni. 25:17.

27a Isa. 29:15.
b Jer. 18:6.
29a Isa. 29:18.
30a NKM Akapfava.
b D&Z 101:36.
31a Isa. 29:20.

32a Ruka 11:54.
b Amosi 5:10.
c 2 Ni. 28:16.
34a Isa. 29:23–24.
35a 2 Ni. 28:14; D&Z 33:4.
b Dan. 12:4.

Dhiabhorosi achagara mumwoyo yevanhu—Achadzidzisa nhema dzakasiyana-siyana. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino tarisai, hama dzangu, ndataura kwamuri, maererano nokutunhwa kwandange ndichiitwa neMweya; nokudaro, ndinoziva kuti chokwadi zvose izvi zvakafanira kuitika.

2 Uye zvinhu zvichanyorwa kubva ^amubhuku zvichave ^bzvakanakosha kwazvo kuvana vevanhu, uye kunyanya kumbeu yedu, inove ndiyo yakasara kumba yaIsraeri.

3 Nokuti zvichaitika kuti nomusi iwoyo ^achechi dzichavakwa, dzisina kuvakirwa Ishe, apo imwe ichataura kune imwe ichiti: Tarisai, ini, ndini yaIshe; uye imwe yoti: Ini, ndini yaIshe; ndizvo zvichaita vose vakazvivakira chechi ivo pachavo, vasingavakire Ishe—

4 Uye vachanetsana pachavo; uye kana vafundisi vavo vachanetsana, uye vachadzidzisa neruzivo ^arwedzidzo dzavo, uye vagoramba Mweya Mutsvene, uyo unoita kuti vanhu vagone kutaure.

5 Uye ^avanoramba ^bsimba raMwari, Mutsvene waIsraeri; uye voti kuvanhu: Teererai kwatiri, uye munzwe kuraira

kwedu; nokuti tarisai ^ahakuna Mwari nhasi; nokuti Ishe neMununuri vaita basa ravo, uye vakapa simba rake kuvanhu.

6 Tarisai, teererai imi kuraira kwangu; kana vakati pane chishamiso chaitwa neruoko rwaIshe, musazvitende; nokuti zuva ranhasi havasi Mwari ^avezvishamiso; vakaita basa rake.

7 Hongu, uye kuchaita vazhinji vachati: ^aIdyai, munwe, uye mufare, nokuti mangwana tinofa; uye zvinozotinakira.

8 Uye kuchave nevazhinjiwo vachati: Idyai, munwe, uye mufare; zvisinei, ityai Mwari—anozoti ^ahamuna-mhosva mukuita kachitema kadiki; hongu, ^bnyepai zvisihoma, ngwarira mumwe nenzira yemazwi ake, teyai muvakidzani wenyu nekumucherera ^agomba; hakuna chakaipa mazviri; uye muite zvose izvi, nokuti mangwana tinofa; uye kana zviri zvekuti tine mhosva, Mwari achatiranga neshamhu shoma, uye pekupe-dzisira tichaponeswa muumambo hwaMwari.

9 Hongu, uye kuchange kune vazhinji vachadzidzisa netsika iyi, ^adzidziso dzenhema dzisipo ^bnedzeurema, uye vachazvikudza mumwoyo yavo, uye vachatsvaka kuvanza mazano avo zvakadzama kuna Ishe; uye mabasa avo achave murima.

28 2a NKM Bhuku raMormoni.

b 1 Ni. 13:34–42; 22:9;
3 Ni. 21:6.

3a I VaKori. 1:10–13;
1 Ni. 22:23;
4 Ni. 1:25–29;

Morm. 8:28, 32–38.

4a 2 Ni. 9:28.
5a 2 Ni. 26:20.
b II Tim. 3:5.

c Aruma 30:28.
6a Morm. 8:26; 9:15–26.
7a I VaKori. 15:32;

Aruma 30:17–18.

8a Morm. 8:31.
b D&Z 10:25; Mos. 4:4.
NKM Kunyepa.

c Zir. 26:27; 1 Ni. 14:3.
9a Mat. 15:9.
b Ezk. 13:3; Hir. 13:29.

10 Uye “ropa ravatendi richa-
vachemera richibva pasi.

11 Hongu, vose vabuda
“munzira, vave vanhu ^bvakaipa.

12 Nenzira “yekuzvida, nenzira
yevadzidzisi venhema, nedzi-
dziso dzenhema, chechi dzavo
dzaipa, uye chechi dzavo dzi-
nozvikudza; nenzira yerudado
vanozvitutumadza.

13 “Vanobira ^bvarombo noku-
da kwenzvimbo dzavo dzaka-
naka; vanobira varombo nenzira
yekunaka kwezvipfeko zvavo;
uye vanotambudza vakapfava
nevarombo mumwoyo, nokuti
“mukudada kwavo vanozvitu-
tumadza.

14 “Vanoomesa mitsipa ne-
misoro ine kuzvida; hongu,
nenzira yekudada, nekuipa,
neruvengo, neupfambi, vose
^bvatsauka kunze kwevashoma-
shoma, avo vakazvirereka va-
teveri vaKristu; zvisinei, vano-
tungamirwa, zvekuti nguva
zhinji vanokanganisa nenzira
yekuti vanodzidziswa maere-
rano nepfungwa dzevanhu.

15 Imi “vachenjeri, nevakadzi-
dza, nevapfumi, vanozvitutu-
madza ^bmukudada kwemwoyo
yavo, neavo vose vanoparidza
manyepo, neavo vose vanoita
ufeve, uye vachikanganisa nzira
yakanaka yalshe, “nhamo, nha-
mo nedambudziko kwavari,
ndiko kutaura kwaIshe Mwari

Samasimba, nokuti vachaka-
ndwa mugehena!

16 Nhamo kune avo “vanosiya
zvakanaka vachida zvakaipa
uye vachituka izvo zvakanaka,
vachiti chinhu chisina maturo!
Nokuti zuva richasvika rokuti
Ishe Mwari vachashanyira va-
nhu venyika nokukurumidza;
uye muzuva iroro vakomba
^bzvizere muzvitema vachafa.

17 Asi tarisai, kana vanhu
vemunyika vakatendeuka mu-
zvitema zvavo neruvengo rwa-
vo havazoparadzwa, ndiko
kutura kunoita Ishe veHondo.

18 Asi tarisai, chechi iya huru
inonyangadza, “pfambi yepasi
pose rakafanirwa, ^bkuwira pasi,
uye kuwa kwaro kuchave kuku-
ru chaizvo.

19 Nokuti umambo hwadhia-
bhorosi hwakafanira “kuzunzwa,
uye avo vari mahuri vakafanira
kumutswa kuti vatendeuke,
nokuti vakasamuka ^bdhiabhoro-
rosi achavasunga “nengetani
dzisingaperi, uye zvoita kuti
vamuke nehasha, vobva vafa.

20 Nokuti tarisai, nezuva iroro
achange “ari mumwoyo yevana
vevanhu, uye agovaita kuti va-
shatirirwe chakanaka.

21 Vamwe “achavanyaradza,
uye ovanyengedza kuti vafunge
kuti vakasimba mune zvenyama,
zvekuti vobva vati: zvose zva-
kanaka muZioni; hongu, Zioni

10a Zvaka. 6:9–11;
2 Ni. 26:3; Morm. 8:27;
Eta 8:22–24; D&Z 87:7.

11a Hir. 6:31.
b Morm. 8:28–41;
D&Z 33:4.

12a Zir. 28:25.

13a Ezk. 34:8.

b Hir. 4:12.

c Aruma 5:53.

14a Zir. 21:4.

b Isa. 53:6.

15a Zir. 3:5–7.

b NKM Kudada.

c 3 Ni. 29:5.

16a Isa. 29:21.

b Eta 2:9–10.

18a Zvaka. 19:2.

b 1 Ni. 14:3, 17.

19a 1 Ni. 22:23.

b Aruma 34:35.

c Aruma 12:11.

20a D&Z 10:20–27.

21a Morm. 8:31.

irikubudirira, zvose zvakanaka—uye ndiko kunyenge-dzwa kwavanoitwa mumweya ^bnadhiaborosi, ovatungamira zvakanakawo kugehena.

22 Uye tarisai, vamwe anovabata kumeso, ovaudza kuti hakuna “gehena; uye oti kwavari: Handisi dhiaborosi, nokuti hakuna chinhu chakadaro—uye anoita kazeve-zeve munzeve dzavo, kudakara avasunga ^bnengetani dzake dzinotyisa, avasunga kudaro hakuna ruponeso.

23 Hongu, vanosungwa nerufu, negehena; uye rufu, negehena, uye dhiaborosi, nevose vakasungwa navo vakafanira kumira pamberi pechigaro chekutonga chaMwari, uye “vagotongwa maererano nemabasa avo, vobva ipapo vanofanira kuenda kunzvimbo yavakagadzirirwa, kana suriferi yemoto ^bnedziva rinova kurwodziwa kusina magumo.

24 Naizvozvo, nhamo kune uyo ari muZioni asina hanyin’ a!

25 Nhamo kune anotaura kuti: zvose zvakanaka!

26 Hongu, nhamo kune uyo “anoteerera kuraira kwevanhu, zve achiramba simba raMwari, nechipo cheMweya Mutsvene.

27 Hongu, nhamo kune uyo anoti: Takagashira, uye hakuna chimwe “chatichada zvakare!

28 Uye muchidimbu, nhamo kwavari vose vanodedera, uye “vakashatirwa pamusana pechokwadi chaMwari! Nokuti tarisai, uyo akavakira ^bpado-mbo anozvitambira nokufara; uye uyo akavakira mujecha anotyoka nokuti zvingangokoromoka.

29 Nhamo kune uyo anoti: Takagashira shoko raMwari, uye “hatichada zve shoko raMwari, nokuti ratinaro rakakwana!

30 Nokuti tarisai, ndiko kutaura kunoita Ishe Mwari: Ndi-chapa kuvana vevanhu mutsara pamusoro pemutsara, murairo pamusoro “pemurairo, pano zvishoma, apo zvishoma; uye vakakomborerwa ivavo vanoteerera kumirairo yangu, uye vachipa nzeve mukuraira kwangu, nokuti vachadzidza ^buchenjeri; nokuti kune uyo “anogashira ndichapa ^azvakanakawanda; kune avo vanoti, Isu tine zvakanakawanda, ivavo vachatorerwa kana zvakavange vainazvo.

31 Akatukwa uyu anoisa “ruvimbo rwake kumunhu, kana kuita kuti munhu wenyama ave simba rake, kana kuteerera kumirairo yemunhu, kunze kwekunge mirairo yavo yapiwa nesimba reMweya Mutsvene.

32 “Nhamo kumaJentairi, vanodaro Ishe Mwari weHondo! Nokuti hazvinei kuti ndichatambanudzira ruoko rwangu

21b 2 Ni. 9:39.

22a NKM Gehena.

b Aruma 36:18.

23a NKM Jesu Kristu—Mutongi; Kutonga, Kwekupedzisira.

b 2 Ni. 9:16, 19, 26.

26a 2 Ni. 9:29.

27a Aruma 12:10–11.

28a 2 Ni. 9:40; 33:5.

NKM Hupanduki.

b Mat. 7:24–27.

NKM Ibwe.

29a 2 Ni. 27:14; 29:3–10;

Eta 4:8.

30a Isa. 28:9–13;

D&Z 98:12.

b NKM Ungwaru.

c Ruka 8:18.

d Aruma 12:10;

D&Z 50:24.

31a D&Z 1:19–20.

32a 1 Ni. 14:6.

kwavari zuva nezuva, vachandiramba; zvakadaro, ndichavanzwira tsitsi, vanodaro Ishe Mwari, kana vakatendeuka vakauya kwandiri; nokuti ^bruoko rwangu rwakatambanudza muswere wose, Ishe vanodaro Mwari veHondo.

CHITSAUKO 29

MaJentairi vazhinji vacharamba Bhuku raMormoni—Vachati, Hatidi rimwe Bhaibheri—Ishe vanotaura kumarudzi akawanda—Vachatonga nyika kubva mune mabhuku. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

Asi tarisai, vachange vakawanda—pazuva iroto randichaita basa ^arakanakisa pakati pavo, kuti ndirangarire ^bzvibvumirano zvandakaita kuvana vavanhu; kuti ndiise ruoko rwangu zvakare ^ckechipiri kuti ndidzore vanhu vangu, vanove veimba yaIsraeri.

2 Uye zvakare, kuti ndirangarire zvimvimbiso zvandakaita kwauri Nifai, uye zvakare kuna baba vako, kuti ndicharangarira mbeu yako; kuti ^amazwi embeu yako aende achibva mumuromo mangu achienda kumbeu yako; uye mazwi angu achasvika

^bachishita kumagumo enyika, kuti ave ^crupawo kuvanhu vangu, vanova vemba yaIsraeri;

3 Uye nokuti mazwi angu achashita—MaJentairi akawanda achati: “Bhaibheri! Bhaibheri! Tine Bhaibheri, hakungave nerimwe Bhaibheri.

4 Asi Ishe Mwari vanoti: Mapenzi, vachava neBhaibheri; richabva ^akumaJuda, vanhu vangu vechibvumirano vakare. Ko vanotendei ^bmaJuda ^cneBhaibheri ravakagamuchira kubva kwavari? Hongu, anorevei maJentairi? Vanoyeuka here matambudziko, namabasa, nokurwadziwa kwamaJuda, nokusimba kwavo mukumirani, mukuunza ruponeso kumaJentairi?

5 Imi maJentairi, munorangarira here maJuda, vanhu vangu vechibvumirano vakare? Kwete; asi makavatuka, ^amukavavenga, uye mukasatsvaga kuvabatsira. Asi tarisai, ndichakudzorerai zvinhu zvose izvi pamisoro yenyu; nokuti Ini Ishe handina kukanganwa vanhu vangu.

6 Iwe benzi, uchatu: ^aBhaibheri! Tine Bhaibheri, zve hatide rimwe Bhaibheri. Mungadai makawana here Bhaibheri dai pasina maJuda?

7 Hamuzive here kuti marudzi akawanda ari munyika?

32b Jak. 5:47; 6:4.

29 1a 2 Ni. 27:26.

nkm Kudzorera pakare kweVhangeri.

b nkm Chibvumirano chaAbrahama.

c 2 Ni. 6:14; 21:11-12; 25:17.

nkm Israeri—

Kuunganidzwa kwa Israeri.

2a 2 Ni. 3:18-21.

b Isa. 5:26;

2 Ni. 15:26;

Moro. 10:28.

c 1 Ni. 21:22.

nkm Mureza.

3a 1 Ni. 13:23-25.

nkm Bhaibheri;

Bhuku raMormoni.

4a D&Z 3:16.

b nkm maJuda.

c nkm Juda—Rukuni rwaJuda.

5a 3 Ni. 29:8.

6a 1 Ni. 13:38.

Hamuzive here kuti Ini Ishe Mwari wenyu, “ndakasika vanhu vose, uye kuti ndinoyeuka avo vari ^bpazvitsuwa zvegungwa; nekuti ndinotonga kumusoro kudenga napasi panyika; uye ndinounza shoko rangu kuvana vavanhu, hongu, kana kunyika dzose dzapasi?”

8 Nokudaro munotsutsu-mwei, nokuti muchagamuchira mamwezve emashoko angu akawanda? Hamuzive here kuti “uchapupu hwemarudzi ^bmaviri hunopupura kwamuri kuti ndini Mwari, kuti ndinoyeuka rudzi rumwe nerumwe? Naisvovvo, ndinotaura mazwi mamwechete kurudzi rumwe nerumwe. Zvino kana ^cmarudzi maviri ofambidzana uchapupu hwemarudzi maviri aya huchapindirana.

9 Zve ndinoita izvi kuti ndiraidze vanhu kuti ndini “mumwecheteyo wazuro, nhasi, nokusingaperi; uye ndinotaura mazwi angu maererano nokuda kwomwoyo wangu. Uye nokuti ndataura ^bizwi rimwe musafunge kuti handikwanise kutaura rimwe; nokuti basa rangu harisati rapera; uye harizopera kudzamara kupera kwevanhu, kana kubvira nguva iyoyo kusvikira nokusingaperi.

10 Nokudaro, nokuti mune Bhaibheri hamufanirwe kufungidzira kuti rine “mazwi angu ose; kana kufunga kuti handingaite kuti zvimwe zvinyorwe.

11 Nokuti ndinoraira vanhu “vose, kumabvazuva nekumadokero, kumaodzanyemba, nekuchamhembe, nemuzvitsuwa zvegungwa, kuti ^bvachanyora mazwi andichataura kwavari; nokuti kubva ^ckumabhuku achanyorwa ^dndichatonga pasi rose, vanhu vose maererano namabasa avo, maererano nezvinenge zvakanyorwa.

12 Nokuti tarisai, ndichataura “kumaJuda vogozyinyora; uye ndichataurawo kumaNifai ^bvogozyinyora; ndichataurawo kuna mamwe marudzi eimba yaIsraeri, avo ndakatungamirira kubvamo, ivowo vogozyinyora; uye ndichataura kumarudzi ^cose dzapasi idzowo dzogozvinyora.

13 Uye zvichaitika kuti “maJuda achava namazwi amaNifai, uye maNifai achava namazwi amaJuda; maNifai namaJuda vachava namazwi amarudzi ^bakarasika aIsraeri; marudzi akarasika eIsraeri achava namazwi amaNifai namaJuda.

14 Uye zvichaitika kuti vanhu vangu, vanova ^aveimba ya-

7a NKM Sika.

^b 1 Ni. 22:4.

8a Mat. 18:16.

NKM Mupupuri.

^b Ezk. 37:15–20;

1 Ni. 13:38–41;

2 Ni. 3:12.

^c Hos. 1:11.

9a VaH. 13:8.

^b NKM Zvakazarurwa.

10a NKM Magwaro

matsvene—Magwaro

matsvene

akaporofitwa kuti achauya.

11a Aruma 29:8.

^b II Tim. 3:16.

^c NKM Bhuku

reUpenyu.

^d 2 Ni. 25:22; 33:11,

14–15.

NKM Kutonga,

Kwekapedzisira.

12a 1 Ni. 13:23–29.

^b 1 Ni. 13:38–42;

2 Ni. 26:17.

^c 2 Ni. 26:33.

13a Morm. 5:12–14.

^b NKM Israeri—

Marudzi gumi

akarasika aIsraeri.

14a Jer. 3:17–18.

Israeri, vachaungana kumusha munyika dzavo; neizwi rangu richabatanidzwa ^bpamwechete. Zve ndicharatidza avo vanorwa nezwi rangu nevanhu vangu, vanova ^cvemba yaIsraeri, kuti ndini Mwari, kuti ^dndakabvumirana naAbrahama kuti ndicharangarira ^embeu yake ^fnarinhi narinhi.

CHITSAUKO 30

MaJentairi vakapinduka vachavere-ngerwa kuvanhu vechibvumirano —MaRamani mazhinji nemaJuda vachatenda shoko uye vobva vave vanofadza kwazvo —Israeri ichadzorerwa pakare uye vakaipa vachiparadzwa. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ndinoda kutaura kwamuri; nokuti ini Nifai, handikubvumirei kuti mufunge kuti makarurama kupfuura zvichava maJentairi. Nokuti tarisai, kunze kwekunge muchichengeta mirairo yaMwari mose muchafawo; nenzira yemazwi akataurwa musafunge kuti maJentairi vanobva vaparadzwa zvachose.

2 Nokuti tarisai, ndinoti kwamuri maJentairi vose vachatendeuka vachanzi vanhu ^avchibvumirano chaIshe; uye

avo vose ^bmaJuda vasingatendeuke vacharaswa, nokuti Ishe havabvumirane nevvanhu ^cvasingatendeuke uye vagotenda muMwanakomana wavo, uyo anove Mutsvene weIsraeri.

3 Uye zvino, ndichaporofita zvimwe maererano nemaJuda maJentairi. Nokuti mushure mekuuya kwebhuku randambotaura, rigonyorwa kumaJentairi, uye rigonamwazve kuna Ishe, kuchave nevazhinji ^avachatenda kumazwi akanyorwa; uye ^bivo vachaatakura vachienda nawo kuvanhu vakasara vembeu yedu.

4 Uye ndizvo zvichaita kuti vakasara vembeu yedu vazive nezvedu, kuti takabva sei kuJerusarema, nokutiwo ivo chizvarwa chemaJuda.

5 Uye vhangeri raJesu Kristu richaparidzwa ^akwavari; noku-daro, ^bivo vachadzorerwa ruzivo rwemadzibaba avo, ^cnekuru-zivo rwaJesu Kristu, rwakange rwuri kumadzibaba avo.

6 Uye zvino ndipo pavachazofara; nokuti vanenge voziva kuti maropafadzo kwavari abva muruoko rwaMwari; uye maranga erima ndipo paachatanga kubva mumaziso avo; zvizvarwa zvakawanda hazvipfuure mukati mavo, kunze kwokunge vari vakachena uye vari vanhu ^avanofadza.

14b Ezk. 37:16-17.

c 1 Ni. 22:8-9.

d Gen. 12:1-3;

1 Ni. 17:40;

3 Ni. 20:27; Abr. 2:9.

NKM Chibvumirano

chaAbrahama.

e D&Z 132:30.

f Gen. 17:7.

30 2a VaG. 3:26-29.

b Mat. 8:10-13.

NKM maJuda.

c NKM Rutendeuko.

3a 3 Ni. 16:6-7.

b 1 Ni. 22:8-9.

5a 3 Ni. 21:3-7, 24-26.

b D&Z 3:20.

c 1 Ni. 15:14;

2 Ni. 3:12;

Morm. 7:1, 9-10.

6a D&Z 49:24; 109:65.

7 Uye zvichaitika kuti “maJuda ayo akapararira nyenika yose naivowo ^bvachatanga kutenda munaKristu; uye vachatanga kuungana pasi pose; uye avo vachatenda munaKristu naivowo vachave vanhu vanofadza.

8 Uye zvichaitika kuti Ishe Mwari vachatanga basa ravo mukati menyika dzose, marudzi, ndimi, navanhu, kuti vaunze kudzorera pakare kwevanhu vavo pamusoro penyika.

9 Uye Ishe Mwari “vachatonga varombo ^bnokururuma, neku-tsiura zvakafanira ‘vakapfava venyika. Uye vacharanga nyika nedanda remuromo wavo; nekufema kwemirono yavo vachauraya vakaipa.

10 Nokuti “nguva iri kusvika nokukurumidza iyo Ishe yavachakonzera ^bkupesana pakati pevanhu, uye vakaipa vovaparadza, uye ‘vachaponesa vanhu vavo, hongu, kunyange dai kuri kuti vakafanira ^akuparadza vakaipa nemoto.

11 Uye ^akururama ndiko kunaita bhanhire remuchiuno mavo, uye kuzara nerutendo kuve matomhu avo.

12 Uye ndipo ^apachagara chikara nehwayana; uye mbada icharara pamwechete nembudzana, nemhuru, nemwana weshumba, nemhuru yekukodza,

pamwechete; uye zvichatungamiriwa nekamwana kadiki.

13 Uye mhau yemombe nebere zvichadya; uye vana vazvo vacharara pamwechete; uye shumba ichadya uswa semombe.

14 Uye mwana ari pazamu achatambira pamwena wenyoka, uye mwana arumurwa achapinza ruoko rwake pamusuo weguru renyoka.

15 Hazvizokuvadza kana kuparadza mumakomo angu ose matsvene; nokuti pasi pose pachazara neruzivo rwaIshe sekuzara kwakaita mvura mugungwa.

16 Nokudaro, zvose zvinhu ^azveose marudzi zvichaitwa kuti zvizivikanwe, hongu, zvose zvinhu zvichaitwa kuti ^bzvizivikanwe nevana vevanhu.

17 Hakuna chakavandika ^achisingazoburitswa pachena; hakuna mabasa anoitwa murima asingazoburitswa muchiedza; uye hakuna chakanamwa pano pasi chisingazonamurwa.

18 Nokudaro, zvose zvinhu zvakararidzwa vana vevanhu zvichaburitswa pachena musi iwoyo; uye Satani ^ahaazove nesimba mumwoyo yevana vevanhu, kwenguva huru. Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, ndinogumira pano mukutaura kwangu.

7a 2 Ni. 29:13-14.

b 2 Ni. 25:16-17.

9a 2 Ni. 9:15.

b Isa. 11:4-9.

c NKM Akapfava.

10a NKM Mazuva

Ekupedzisira.

b D&Z 63:53-54.

c Mos. 7:61.

d 1 Ni. 22:15-17, 23.

NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano.

11a Isa. 11:5-9.

12a Isa. 65:25.

NKM Mereniamu.

16a D&Z 101:32-35;

121:28-29.

b Eta 4:6-7.

17a D&Z 1:2-3.

18a Zvaka. 20:1-3;

Eta 8:26.

CHITSAUKO 31

Nifai anotaura chikonzero chokubhabhatidzwa kwaKristu—Vanhu vanofanira kutevera Kristu, vobhabhatidzwa, vogamuchira Mweya Mutsvene; voshingirira kusvika kumagumo kuti vagoponeswa—Kutendeuka nokubhabhatidzwa ndiwo musuwo wenzira yakamanikana uye yakamanika—Upenyu hwokusingaperi hunouya kuna avo vanochengeta mirairo shure kwokubhabhatidzwa. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino ini Nifai, ndinogumisa “kuporofita kwangu kwamuri, hama dzangu dzinodiwa. Ndinonyora zvinhu zvisihoma, izvo ndine chokwadi kuti zvichaitika; handinganyori mazwi mashoma omunin’ina wangu Jakobho.

2 Nokudaro, zvinhu zvandakanyora zvinondigutsa; kunze kwemazwi mashomanana andinofanira kutaura pamusoro “pedzidziso dzaKristu; nokudaro ndichataura kwamuri zviri pachena maererano nokujeka kwokuporofita kwangu.

3 Nokuti mweya wangu unofarira kuisa zvinhu pachena; nokuti ndiko kushanda kunoita Ishe Mwari pakati pavana vavanhu. Nokuti Ishe Mwari vanopa “chiedza kune avo vanonzwisisa;

nokuti vanotaura kuvanhu ^bnorurimi rwavo, nomukunzwisisa kwavo.

4 Nokudaro, ndinoda kuti murangarire kuti ndakataura kwamuri maererano “nomuporofita uyo Ishe wavakandiraratidza, uyo aizobhabhatidza ^bGwayana raMwari, rinozobvisisa zvitadzo zvenyika.

5 Uye zvino, kana Gwayana raMwari, iye ari mutsvene, akafanirwa “kubhabhatidzwa nemvura, kuti utsvene hwose huzadzikiswe, ko zvino isu, tisiri vatsvене, tinofanirwa zvakadii kuti tibhabhatidzwe, hongu, kana nemvura!

6 Uye zvino, ndinokukumbirai, hama dzangu dzinodiwa, Gwayana raMwari rakazadzikisa sei utsvene hwose mukubhabhatidzwa nemvura?

7 Hamuzive here kuti akanga ari mutsvene? Asi kunyange zvakadaro iye ari mutsvene, akaratidza kuvana vavanhu kuti, panyama akazvininipisa pamberi paBaba, akapupura kuna Baba kuti “achazovateerera nokuchengeta mirairo yavo.

8 Naizvozvo, shure kwokunge abhabhatidzwa nemvura Mweya Mutsvene wakaburuka pamusoro pake “uchinge ^bnjiva.

9 Uye zvakare, zvinoratidza kuvana vavanhu kutwasanuka kwenzira, nokumanikidzika “kwesuo, ravanofanira kupinda

31 1a 2 Ni. 25:1-4.

2a 2 Ni. 11:6-7.

3a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

b D&Z 1:24.

4a 1 Ni. 10:7; 11:27.

NKM Johane

Mubapatidzi.

b NKM Gwayana
raMwari.

5a Mat. 3:11-17.

NKM Bhabhatidza.

7a Joh. 5:30.

NKM Anoteerera.

8a 1 Ni. 11:27.

b NKM Njiva,
Chiratidzo che.

9a 2 Ni. 9:41;

3 Ni. 14:13-14;

D&Z 22:4.

naro, iye akaratiidza muenzani-so kwavari.

10 Uye akati kuvana vavanhu: “Nditeverei. Naizvozvo, hama dzinodiwa, ^btingatevere here Jesu kana tisina chido chokuchengeta mirairo yaBaba?

11 Uye Baba vakati: Tendeukai, tendeukai, mugobhabhatidzwa muzita roMwanakomana wangu Wandinodisisa.

12 Uye zvakare, izwi roMwanakomana rakauya kwandiri, richiti: Uyo anobhabhatidzwa muzita rangu, kwaari Baba ^avachapa Mweya Mutsvene, sezvavakaita kwandiri; nokudaro, ^bnditeverei, mugoita mabasa amakandiona ndichiita.

13 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, ndinoziva kuti mukatevera Mwanakomana, nomwoyo wose uzere, muchiita musinganyengedzi musingafambe munzira isina kururama pamberi paMwari, asi muine chinangwa chizere, muchitendeuka pazvivi zvenyu, muchipupura kuna Baba kuti mune chido chokutora zita raKristu, ^anokubhabhatidzwa—hongu, nokutevera Ishe venyu noMuponesi venyu mumvura, maererano neshoko ravo, tarisai, ndipo pamuchagamuchira Mweya Mutsvene; hongu, kwozouya ^brubhabhatidzo rwomoto nokwoMweya Mutsvene; mozotaura ^cnorurimi rwengi-

rozi, muchishevedzera kurumbidza kuMutsvene waIsraeri.

14 Asi, tarisai, hama dzangu dzinodiwa, kwakauya izwi roMwanakomana kwandiri, richiti: Shure kwokunge matendeuka pazvivi zvenyu, muchipupura kuna Baba kuti munoda kuchengeta mitemo yangu, nokubhabhatidzwa nemvura, nokugamuchira kubhabhatidzwa kwomoto noMweya Mutsvene, uye kuti mava kutaura norurimi rwutsva, hongu, rurimi rwengirozi, shure kwezvo ^amozondiramba, zvingadai ^bzviri-nani kuti dai musina kunge makandiziva.

15 Uye ndakanzwa izwi kubva kuna Baba richiti: Mazwi anobva kune Andinodisisa mashoko echokwadi anotendeka. Uyo achashingirira kusvika kumagumo achaponeswa.

16 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, ndinoziva kuti munhu ^aakasashingirira kusvika kumagumo, mukutevera ^bmu-yenzaniso woMwanakomana waMwari mupenyu, haangaponeswe.

17 Nokudaro, itai zvinhu zvandakakutaurirai, ndazviona kuti Ishe Venyu Mununuri vanofanira kuita; nokuti, nokuda kweizvi zvakaratidzwa kwandiri, kuti muzoziva musuwo wamunofanira kupinda nawo. Nokuti musuo wamunopinda

10a Mat. 4:19; 8:22; 9:9.

^b Moro. 7:11; D&Z 56:2.

12a NKM ChipochiMweya Mutsvene.

^b Ruka 9:57–62;

Joh. 12:26.

13a VaG. 3:26–27.

^b NKM ChipochiMweya Mutsvene; Moto.

^c 2 Ni. 32:2–3.

14a Mat. 10:32–33;

Aruma 24:30;

D&Z 101:1–5.

NKM Chitadzo

Chisingaregererwe.

^b II Pet. 2:21.

16a Aruma 5:13; 38:2;

D&Z 20:29.

^b NKM Jesu Kristu—Muyenzaniso waJesu Kristu.

nawo kutendeuka “nokubhabhatidzwa nemvura; kwozouya ^bkuregererwa kwezvivi zvenyu nomoto noMweya Mutsvene.

18 Uye ipapo munenge mave “munzira iyoyi ^byakamanikana uye yakamanika iyo inotungamirira kuopenyu hwokusingaperi; hongu, mapinda napamusuo; maita maererano nemirairo yaBaba noMwanakomana; magamuchira Mweya Mutsvene, uyo ^cunopupura pamusoro paBaba neMwanakomana, mukuzadzikisa chivimbiso icho akaita, kuti mukapinda nenzira iyoyo munowana.

19 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, shure kwokunge mapinda munzira iyi yakamanikana uye yakamanika, ndinobvunza kuti zvose “zvaitwa here? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete; hamusati masvika kunze kwokunge muri mushoko raKristu ^bnokutenda kwaari kusingazunguzike, ^cmuchirarama zvizere maari anesimba rekuponesa.

20 Nokudaro, munofanira “kuenda mberi makabatisisa panaKristu, mune ^btariro yakakwana yakachena, ^cnorudo rwaMwari navanhu vose. Nokudaro, mukaramba muchienda mberi, muchidya mushoko

raKristu, ^dmakashingirira kusvika kumagumo, tarisai, naizvovzo ndizvo zvinotaura Baba: Muchava noupenyu hwokusingaperi.

21 Uye zvino, tarisai, hama dzangu dzinodiwa, iyi ndiyo “nzira; zve ^bhapana imwe nzira kana ^czita rakapiwa pasi pedenga iro munhu angaponeswana ro muumambo hwaMwari. Uye zvino, tarisai, iyi ndiyo ^ddzidziso yaKristu, dzidziso imwechete yechokwadi ^eyaBaba, neyoMwanakomana, neyoMweya Mutsvene, anova Mwari ^fmumwechete vasingagume. Amen.

CHITSAUKO 32

Ngirozi dzinotaura nesimba roMweya Mutsvene— Vanhu vano fanirwa kunamata vawane ruzivo pachavo kubva kuMweya Mutsvene. Zvingangove makore 559 kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ndinofunga kuti mu noedza kufungisisa mumwoyo yenyu maererano nezvamunofanira kuita kana muchinge mapinda munzira iyi. Asi tarisai, munofungisisirei zvinhu izvi mumwoyo yenyu?

17a Mosaya 18:10.
NKM Bhabhatidza.
b NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

18a Zir. 4:18.
NKM Nzira.
b 1 Ni. 8:20.
c Mabasa 5:29–32.

19a Mosaya 4:10.
b NKM Rutendo.

c D&Z 3:20.
20a NKM Famba, Famba
naMwari.

b NKM Tariro.
c NKM Rudo.
d NKM Tsungirira.
21a Mabasa 4:10–12;

2 Ni. 9:41;
Aruma 37:46;
D&Z 132:22, 25.

b Mosaya 3:17.
c NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.
d Mat. 7:28;
Joh. 7:16–17.
e NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
f 3 Ni. 11:27, 35–36.
NKM Kubatana.

2 Ko hamucharangarira here kuti ndakati shure kwokunge "magamuchira Mweya Mutsvene munozotaura ^bnorurimi rwengirozi? Ko zvino mungataure sei nomutauro wengirozi kunze kwokunge Mweya Mutsvene uri mamuri?

3 "Ngirozi dzinotaura nesimba roMweya Mutsvene; nokudaro, dzinotaura mazwi aKristu. Nokudaro, ndakati kwamuri, ^bidyai pamazwi aKristu; nokuti tarisai, mazwi aKristu anokuudzai zvinhu zvose zvamunofanira kuita.

4 Nokudaro, shure kwokunge ndataura mazwi aya, kana musingaanzwisise zvinenga zvichikonzerwa nekuti muninge "musingabvunzi, kana kugogodza; nokudaro, hamuna kuunzwa muchiedza, asi munofanira kufira murima.

5 Nokuti tarisai, zvakare ndinoti kwaure kana muchinge mapinda nenzira, mukagamuchira Mweya Mutsvene, uchakurati-dzai zvinhu zvose zvamunofanira kuita.

6 Tarisai, iyi idzidziso yaKristu, hakuna imwe dzidziso ichapiwa kusvikira shure kwokunge "azviratidza kwamuri iye pachake panyama. Kana achinge azviratidza kwamuri panyama, zvinhu zvose zvaachakuudzai munofanira kuzviita.

7 Uye zvino ini Nifai, handingataure zvakanwanda; Mweya

unomisa kutaura kwangu, ndasiiwa ndichichema nokuda "kwokusatenda, nekuipa, nekusaziva, nokuomesa mutsipa kwavanhu; nokuti havatsvaki ruzivo, kana kunzwisisa ruzivo rwukuru, kana rwuchipiwa kwavari ^bzviri-pachena soku-vapachena kungaite izwi.

8 Uye zvino vadikani, ndiri kuona kuti muchiri kufungisisa mukati memwoyo yenyu; zvinondirwadza kutaura pamusana pechinhu ichi. Nokuti mukaterera kuMweya uyo unodzidzisa munhu kunamata, munoziva kuti munofanira "kunamata; nokuti mweya ^bwakaipa haudzidzise munhu kunamata, asi unomudzidzisa kuti asanamate.

9 Asi tarisai, ndinoti kwamuri munofanira "kunamata nguva dzose, musinganete; kuti musaite kana chimwe chinhu kuna Ishe kunze kwokutanga manamata kuna Baba ^bmuzita raKristu, kuti akuropafadze nekuita kwako, kuti kuita kwako kugova ^ckwemagariro akanaka emweya wako.

CHITSAUKO 33

Mazwi aNifai ndeechokwadi— Anopupura pamusana paKristu— Avo vanotenda munaKristu vanotenda mazwi aNifai, ayo achamira seuchapupu pamberi penzvimbo yekutongerwa. Zvingangove makore

32 *a* 3 Ni. 9:20.
b 2 Ni. 31:13.
 3a NKM Ngirozi.
b Jer. 15:16.
 4a NKM Kumbira.

6a 3 Ni. 11:8.
 7a NKM Kusadaira.
b 2 Ni. 31:2-3;
 Jak. 4:13.
 8a NKM Munamato.

b Mosaya 4:14.
 NKM Dhiabhorosi.
 9a 3 Ni. 20:1; D&Z 75:11.
b Mos. 5:8.
c Aruma 34:27.

559 *kusvika ku545 Kristu asati azvarwa.*

UYE zvinu ini Nifai, handinga-kwanisi kunyora zvinhu zvose zvakadzidziswa vanhu vangu; zve handizi ^amukuru pakunyora, sepakutaura; nokuti kana munhu ^bachitaura nesimba roMweya Mutsvene simba roMweya Mutsvene rinotakura mazwi iwayo kumwoyo yavana vavanhu.

2 Asi tarisai, kune vakawanda ^avakaomesa mwoyo yavo kuMweya Mutsvene, zvekuti hauna nzvimbo mavari; naizvozvo, vanorasira kunze zvinhu zvizhinji zvakanorwa vachizviita sezvinhu zvisina maturo.

3 Asi ini Nifai, ndakanyora zvandakanyora, ndinozviti zvinhu ^azvinokosha, kunyanya kuvanhu vangu. Nokuti ^bndinovanamatira nguva dzose, maziso angu anototesa mutsago wangu usiku, nokuda kwavo; ndinochema kuna Mwari vangu mukutenda, uye ndinoziva kuti vachanzwa kuchema kwangu.

4 Uye ndinoziva kuti Ishe Mwari vanoropafadza minamoto yangu inoponesa vanhu vangu. Namazwi andakanyora ndisina kusimba ^aachasimbiswa kwavari; nokuti ^banovatunhidza kuti vaite zvakanaka; anoita

kuti vazive zvemadzibaba avo; anotaura pamusana paJesu, achivatunhidza kuti vate-nde maari, nokuti vashingi-rire kusvikira kumagumo, unova ndiwo upenyu ^ahwokusingaperi.

5 Uye unotaura ^anehasha kuchivi, maererano nechokwadi chiri ^bpachena; nokudaro, hapana munhu achashatirwa nemazwi andakanyora, kunze kwokunge ari wemweya wadhi-abhorosi.

6 Ndinofara kuisa zvinhu pachena, ndinofara nechokwadi; ndinofara munaJesu wangu, nokuti ^aakadzikinura mweya wangu kubva mugehena.

7 Ndine ^arudo rwakadzama kuvanhu vangu, nokutenda kukuru munaKristu kuti ndichasangana nemweya yakawanda isina tsvina pachigaro chake chokutonga.

8 Ndine rudo rwakadzama ^akumaJuda—ndinoti maJuda, nokuti ndinoreva vekwanda-kabva.

9 Uye ndine rudo rwakadzama ^anamaJentairi. Asi tarisai, hapana wandinotarisa kunze kwokuti ^bvatendeukire kunaKristu, nokupinda napasuo ^crakamanika, ^dnokufamba panzira ^eyakamanikana nhete inotungamirira kuupenyu, voramba vari

33 1a Eta 12:23-24.

b D&Z 100:7-8.

2a Hir. 6:35-36.

3a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

b Eno. 1:9-12;

Mazwi 1:8.

4a Eta 12:26-27.

b Moro. 7:13.

c NKM Upenyu Hwokusingaperi.

5a 1 Ni. 16:1-3;

2 Ni. 9:40.

b 2 Ni. 31:3; Jak. 4:13.

6a NKM Akanunura.

7a NKM Rudo

Rwakadzama.

8a NKM maJuda.

9a NKM Majentairi.

b NKM Dzikinura.

c 2 Ni. 9:41.

d NKM Famba, Famba naMwari.

e Hir. 3:29-30;

D&Z 132:22.

munzira kusvikira kumagumo ezuva rokuedzwa.

10 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, uye namaJuda, namativi ose enyika, teererai mazwi aya “mugotenda munaKristu; kana musingatendi mazwi aya tendai munaKristu. Mukatenda munaKristu muchatenda ^bkumazwi aya, nokuti “mazwi aKristu, uye akaapa kwandiri; uye ^aanodzidzisa munhu wose kuti aitezvakanaka.

11 Uye kana asiri mazwi aKristu, tongai—nokuti Kristu achakuratidzai, “nesimba noku-bwinya kukuru, kuti mazwi ake, pazuva rokupedzisira; iwe neni tichamira chiso nechiso pamberi ^bpake; muchazoziva kuti ndakarairwa naye kuti ndinyore zvinhu izvi, zvisingatadziswe nekuneta kwangu.

12 Uye ndinonamata Baba muzita raKristu kuti vazhinji vedu,

kana kuti vose, vaponeswe “muumambo hwake pazuva iro guru rokupedzisira.

13 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, avo vose veimba yaIsraeri, namativi ose enyika, ndinotaura kwamuri seizwi reuyo ari kuchema ari “muvhu: Sarai zvakanaka kusvikira zuva guru rasvika.

14 Uye newe usingapinde mukunaka kwaMwari, nokukudza “mazwi amaJuda, uye ^bnamazwi angu, namazwi achabuda mumuromo weGwayana raMwari, tarisai, ndinokuti usare zvakanaka zvisingaperi, nokuti mazwi iwaya “achakurasa pazuva rokupedzisira.

15 Nokuti zvandinobatanidza panyika, zvichaunzwa kwamuri “pakutongwa; nokuti ndizvo zvandarairwa naIshe, zve ndinofanira kuteerera. Amenii.

BHUKU RAJAKOBHO

MUNIN'INA WANIFAI

Mazwi ekuparidza kwake kuhama dzake. Anonyadzisa munhu manotsvaka kupunza dzidziso yaKristu. Mazwi mashomashoma maererano nerungano rwevanhu vaNifai.

CHITSAUKO 1

Jakobho naJosefa vanoedza kunye-

ngetedza vanhu kuti vatende munaKristu, nekuti vachengetedze mirau yake—Nifai anofa—Huipi

10a NKM Daira.

b NKM Bhuku raMormoni.

c Moro. 10:27–29.

d 2 Ni. 25:28.

11a Eta 5:4; Moro. 7:35.

b Zvaka. 20:12;

Moro. 10:34.

12a NKM Kubwinya kweSeresitiyaro.

13a Isa. 29:4;

2 Ni. 26:16.

14a NKM Bhaibheri.

b NKM Bhuku raMormoni.

c 2 Ni. 29:11;

Eta 4:8–10.

15a Mazwi 1:11.

hunotonga mumaNifai. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

NOKUTI tarisai, zvakaikita kuti kwakange kwapera makumi mashanu emakore ane makore mashanu kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema; nokudaro, Nifai akapa ini “Jakobho, ^bmurairo maererano nemahwendefa ‘madiki, anove ndiwo akanyorwa zvinhu izvi.

2 Uye akandipa ini Jakobho, murau wekuti ndinyore pamahwendefa aya zvimwe zvinhu zvishoma zvandinofunga kuti zvakakoshosa; kuti handifanire kumbobata-bata, kunze kwezvishoma maererano nenhorondo yevanhu ava vanonzi vanhu vaNifai.

3 Nokuti akati nhorondo yevanhu vekwake yakafanira kunyorwa pane mamwe mahwendefa ake, nokuti ndakafanira kuchengetedza mahwendefa aya uye ndigoasiira kuvana vembeu yangu, chizvarwa nechizvarwa.

4 Uye kana painge paine mharidzo dzinoera, kana painge paine zvakarurwa zvikuru, kana kuporofita, kuti ndinyore “misoro yazvo pamahwendefa aya, nekutaura nezvavo zvaka-

fanira, kuitira zita raKristu, nekuitirawo vanhu vekwedu.

5 Nenzira yerutendo nokuraidza kuda kukuru, zvakaraidzwa chokwadi pachena kwatiri maererano nevanhu vekwedu, kuti zvinhui zvakanira “kuitika kwavari.

6 Uye takazarurirwa zvakananda, uye tikapiwa nemweya wekuporofita; nokudaro, takaziva “nezvaKristu neumambo hwake, uhwo hwaifanira kuuya.

7 Nokudaro takashanda nesimba pakati pevanhu vekwedu, tichiedza kuvanyengetedza kuti “vauye kuna Kristu, kuti vagodya nhaka yekunaka kwaMwari, kuti vapinde ^bmuzororo ravo, nokuti dzimwe nguva mukutsamwa kwavo vangarambidze ‘kupinda, sezvakaitika “mukudenwa mumazuva ekuedzwa apo vana vaIsraeri vaive ‘murenje.

8 Nokudaro, tinoda Mwari kuti atipe masimba ekuti tikwanise kunyengetedza vanhu vose kuti “vasamukire Mwari, kuti ^bvasaite kuti vaite hashu, asi kuti dai vanhu vose vatenda muna Kristu, uye vagotarisa rufu rwake, vagobvuma ‘muchinjikwa wake nekutakura kunyara kwenyika; nokudaro,

[JAKOBHO]

1 1a NKM Jakobho,
Mwanakomana
waRihai.

b Jak. 7:27.

c 2 Ni. 5:28-33;

Jak. 3:13-14.

NKM Mahwendefa.

4a NEMAMWE MAZWI
zvikuru, zvinhu

zvinokosha.

5a 1 Ni. 12.

6a 1 Ni. 10:4-11; 19:8-14.

7a 2 Ni. 9:41;

Omu. 1:26;

Moro. 10:32.

b NKM Zororo.

c Num. 14:23;

Deut. 1:35-37;

D&Z 84:23-25.

d VaH. 3:8.

e Num. 26:65;

1 Ni. 17:23-31.

8a NKM Hupanduki.

b 1 Ni. 17:30;

Aruma 12:36-37;

Hir. 7:18.

c djs, Mat. 16:25-26;

Ruka 14:27.

ini Jakobho, ndinoita chivimbiso chekuzadzikisa mirairo yemukoma wangu Nifai.

9 Zvino Nifai akatangisa kukwegura, uye akaona kuti ave pedyo ^anekufa; nokudaro, ^bakazodza mumwe murume kuti ave mambo nemutongi wevanhu vekwake zvino, maererano nekutonga kwaiita ^cmadzimambo.

10 Nenzira yekudiwa kukuru kwaNifai nevanhu, iye akange ari mudziviriri wavo mukuru, uye akange akashandisa ^amuno ndo waRabhani achivarwira, uye ari akashanda mumazuva ake ose kuitira magariro avo akanaka—

11 Nokudaro, vanhu vaida kuti vagare vachirangarira zita rake. Uye wose akazotora nzvimbo yake mukutonga vanhu nenzira yekuda mambo wavo, ainzi Nifai wechipiri, kana Nifai wechitatu, zvichifamba zvakadaro, maererano nokutonga kwemadzishe; uye ndiko kudaidzwa kwavaiitwa nevanhu, regai vadaidzwe zita rose ravanoda.

12 Uye zvakaitika kuti Nifai akafa.

13 Zvino avo vanhu vakange vasiri ^amaRamani vaive ^bmaNifai; zvisinei, vaidaidzwa kuti maNifai, maJakobho, maJosefa,

^cmaZoramu, maRamani, maRemueri, nemaIshmaeri.

14 Asi ini Jakobho, handizovadaidza nemazita aya, asi ^andichavati maRamani avo vanotswaka kuparadza vanhu vekwaNifai, uye vanoda Nifai ^bndichavati maNifai, kana kuti ^cvanhu vaNifai, maererano nokutonga kwemadzimambo.

15 Uye zvino zvakaitika kuti vanhu vekwaNifai, vave pasi pamambo wechipiri, vakatanga kuomesa mwoyo yavo, uye ndokutanga kuzvida nokuita mabasa akaipa, uye sezvakaita Davidi wekare aida ^avakadzi vazhinji nevakadzi vemapoto, naSoromoni, mwana wake.

16 Hongu, uye vakatangisa kutsvaga goridhe rakawanda nesirivha, uye vakatanga kuzvitsa pamusoro nokuzvikudza.

17 Nokudaro, ini Jakobho, ndakavapa mazwi aya ndichivadzidzisa ^amutemberi, pandakatanga kutambira ^bbasa rangu kubva kuna naIshhe.

18 Nokuti, ini Jakobho, nemunin'ina wangu Josefa, takange tiri ^atakagadzwa hufundisi nehudzidzisi neruoko rwaNifai, kuti tidzidzise vanhu vake.

19 Uye takakudza ^amabasa edu kuna Ishhe, uye tichitakura ^bmutoro, tichitora mhosva dzevanhu pamisoro yedu kana

9a 2 Ni. 1:14.
 b NKM Zodza.
 c 2 Ni. 6:2; Jar. 1:7.
 10a 1 Ni. 4:9; 2 Ni. 5:14;
 Mazwi 1:13;
 Mosaya 1:16;
 D&Z 17:1.
 13a Eno. 1:13;
 D&Z 3:18.

b NKM MaNifai.
 c 1 Ni. 4:35;
 4 Ni. 1:36–37.
 14a Mosaya 25:12;
 Aruma 2:11.
 b 2 Ni. 4:11.
 c 2 Ni. 5:9.
 15a D&Z 132:38–39.
 17a 2 Ni. 5:16.

NKM Temberi, Imba yaIshhe.
 b NKM Akadaidzwa naMwari.
 18a 2 Ni. 5:26.
 19a NKM Chigaro, Munhu anechigaro.
 b D&Z 107:99–100.
 NKM Mutariri.

tisina kunge tavadzidzisa shoko raMwari nesimba redu rose; nokudaro, kana tikashanda zvine simba zvimwe ‘ropa ravo haringauye panhumbi dzedu; nokuti ropa ravo ringauye panhumbi dzedu, uye zvinoita kuti tisawanikwe tisina kana katsvina musi wekupedzisira.

CHITSAUKO 2

Jakobho anorambidza rudo rweupfumi, kuzvida, nekuszvibata— Vanhu vanokwanisa kutsvaka upfumi hunoyamura vamwe vavo— Jakobho anoshora tsika yebarika isina mvumo— Ishe anofarira kuzvibata kwevanhukadzi. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

MAZWI ayo Jakobho, munin’ina waNifai, aakataura kuvanhu vaNifai, mushure mekufa kwaNifai:

2 Zvino, hama dzangu dzinodiwa, ini Jakobho, maererano nebasa randiinaro kuna Mwari, kuti ndikudze basa rangu nekudzikama, nokutiwo ndibvise zvitadzo zvenyu munguwo dzangu, ndinouya mutemberi nhasi uno kuti ndikutaurirei shoko raMwari.

3 Uye imi pachenyu munoziva kuti kusvika iye zvino ndiri munhu anobata basa nesimba; asi ini muzuva ranhasi ndiri kuremerwa nekuda kwechido chikurusa uye neshungu pamusoro pemagariro akanaka

emweya yenyu, pane zvandatinambonzwa.

4 Nokuti tarisai, parizvino, muri vanhu vanga vachiri kuterera kushoko raIshe, riri iro shoko randakakupaiwo.

5 Asi tarisai, teereraikwandiri ini, uye mugoziwa kuti nekuyamurwa nesimba raiye Samasimba Musiki wedenga nepasinidinogona kukutaurirai zvamuri “kufunga, nekutanga kushanda kwamave kuita muchitadzo, chitadzo ichi chichiratidzika kuti chitadzo chinonyangadza samare kwandiri, hongu, nekunaMwari chinonyangadza.

6 Hongu, zvinondisuwisa mumweya uye zvichiita kuti ndizvipete nenyadzi kumira pamberi peMusiki Wangu, zvinoita kuti ndipupure kwamuri maererano nekuipa kwemwoyo yenyu.

7 Uye zvinondisuwisawo kuti ndishandise mazwi “akaoma kudai ndichitaura kwamuri, pamberi pemadzimai enyu nevana venyu, vazhinji vavo vasina chavanoziva uye ^bvakachena uye vatete panyama pamberi paMwari, chiri chinhu chinofadza Mwari;

8 Uye zvinoita kuti ndifunge kuti vauya kuno kuzonzwa “izwi rinofadza raMwari, hongu, shoko rinorapa mweya une ronda.

9 Nokudaro, zvinoremedza mweya wangu kuti ndakaturhwa, nenzira yemurairo waka-

19c 2 Ni. 9:44.
2 5a Aruma 12:3;
D&Z 6:16.

NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
7a D&Z 121:43.

^b NKM Hunhu
Wakanaka.
8a Aruma 31:5.

oma wandakatambira kubva kuna Mwari, kuti ndikutsiurei maererano nemhosva dzenyu, uye kupamhidzira maronda evavo vakakuvara kare, kunze kwekupepa nekuvarapa maronda avo; uye avo vasina kukuva-dzwa, kunze kwekuti vanakirwe nemazwi anofadza aMwari vane mapakatwa akagadzirirwa kubaya mweya yavo nokukuvadza pfungwa dzavo dzisina kusimba.

10 Asi, kana dai basa iri rakakura sei, ndakafanira kuriita maererano “nekuraira kwakao-ma kwaMwari, uye ndokutaurirai kuipa kwenyu nekutadza kwenyu, pamberi peavo vakachena mumwoyo, nevane mwoyo yakatyoka, uye pasi peziso ^brinobaya raSamasimba Mwari.

11 Nokudaro, ndakafanira kukutaurirai chokwadi maererano nekuve “pachena kweizwi raMwari. Nokuti tarisai, sezvandaibvunza Ishe, kwakauya shoko kwandiri, richiti: Jakobho, simuka uende kutemberi mangwana chaiwo, uye unotaura shoko randichakupa kuvanhu ava.

12 Uye zvino tarisai, hama dzangu, iri ndiro shoko randinokuudzai, kuti vazhinji venyu vakatotangisa kuita zveku-tsvaka goridhe, nesirivha, nemamwe “matombo akakosha, zvinove zvinhu zvinowanikwa zvakawanda chaizvo ^bmuniyika,

inova yechipikirwa kwamuri nekumbeu yenyu.

13 Uye ruoko rwunopa rwauya pamuri zvinofadza zvikuru, zvekuti mave neupfumi hwakawanda; nenzira yekuti vamwe venyu vakawana zvakakunda zvedzimwe hama dzenyu mave “kuzvikudza mumwoyo menyu, moomesa mitsipa nekuzviriranga-ringa pamusana penhumbi dzenyu dzakanaka dzinokosha, uye muchinetsa hama dzenyu nokuti munofunga kuti muri nani kwavari.

14 Uye zvino, hama dzangu, munofunga here kuti Mwari vachati makanatsa? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete. Asi vanokupai mhosva, uye mukaramba muchiita zvinhu zvakaipa izvi muchatongwa nokukurumidza.

15 Dai vangokuratidzai kuti vanogona kukubayai, uye ziso ravo chete rinogona kukupunziri pasi muguruva!

16 Dai vangokubvisai mumatope ezvitema mamuri nokuraswa. Uye dai mateerera kumazwi kuraira kwavo, uye musaite kuti “kudada kwenyu kuparadze mweya yenyu.

17 Fungai hama dzenyu sekuzvifunga kwamunoita, farai musununguke kune vose uye musununguke muzvinhu “zvamuinazvo, kuti ^bnaivowo vago-pfuma semi.

18 Asi musati matsvaka “upfu-

10a NKM Mirairo yaMwari.

b 2 Ni. 9:44.

11a 2 Ni. 25:4; 31:2–3.

12a 1 Ni. 18:25;

Hir. 6:9–11; Eta 10:23.

b 1 Ni. 2:20.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

13a Morm. 8:35–39.

16a NKM Kudada.

17a NKM Kupa zvipo;

Ruyamuro.

b 4 Ni. 1:3.

18a I Madz. 3:11–13;

Marko 10:17–27;

2 Ni. 26:31; D&Z 6:7.

NKM Upfumi.

mi, tsvakai ^bumambo hwa-Mwari.

19 Uye mushure mekunge mave netariro munaKristu muchawana upfumi, kana matsvaka; uye muchautsvaga nechinangwa chekuda “kuita zvakanaka—kupfekedza vasina kupfeka, nokupa kudya vane nzara, nokusunungura nhapwa, nokupa vanhu zororo mukurwara nevanotambudzwa.

20 Uye zvino, hama dzangu, ndataura kwamuri pamusoro pekudada; uye avo venyu vakatambudza vavakidzani vavo, nekuvanetsa nenzira yekudada kwenyu, uye muchidada nezvinhu zvamakapiwa naMwari, munotii nazvo?

21 Hamufunge here kuti zvinhu izvozvi zvakaipa chaizvo kune ivo vakasika nyama yose? Uye wose munhu anokosha pameso pavo semumwe. Uye yose nyama ndeye guruva; uye vakavasikira chikonzero ichocho, kuti vachengetedze “mirairo yavo nekuvarumbidza nokusingaperi.

22 Uye zvino ndave kuguma kutaura kwamuri maererano nekudada uku. Uye dai kuri kuti handisi kufanira kutaura nemi pamusoro pemhosva yakakura kupinda iyoyi, mwoyo wangu ungadai uchifara zvikuru pamusana penyu.

23 Asi shoko raMwari rino-

ndiremera nenzira yemhosva dzenyu hombe. Nokuti tarisai, ndiko kutaura kunoita Ishe: Vanhu ava vanotangisa kunyura muzvitema; havanzwisisa magwaro matsvene, nokuti vanoda kutsvaka chikonzero chekuita upombwe, nenzira yezvinhu zvakanorwa maererano naDavidi, naSoromoni mwanakomana wake.

24 Tarisai, Davidi “naSoromoni zvechokwadi vaive ^bnevakadzi vazhinji nevamwe vavakanga asina kuroora, chiri chinhu chakange chakaipa pamberi pangu, vanodaro Ishe.

25 Nokudaro, Ishe vanotaura achiti, Ndatatungamira vanhu ava ndichivabvisa munyika yeJerusarema, nesimba reruoko rwangu, kuti ndigokudza bazi “rakarurama kubva kumuchero wechiuno chaJosefa.

26 Nokudaro, ini Mwari Ishe handibvumire kuti vanhu ava vaite sezvakaita vanhu vavo vakare.

27 Nokudaro, hama dzinodiwa ndinzwei, uye muteerere shoko raIshe: Nokuti hakuna munhu pakati penyu achave nevakadzi vanopfuura “mumwechete, uye varandakadzi vekumuvaraidza hazvibvumirwe kana mumwechete zvake;

28 Nokuti ini Ishe Mwari, ndinofadzwa nemadzimai “anozvibata. Uye upfambi chinhu

18b Ruka 12:22–31.

19a Mosaya 4:26.

21a D&Z 11:20;

Abr. 3:25–26.

24a I Madz. 11:1;

Neh. 13:25–27.

^b I Madz. 11:1–3;

Ezra 9:1–2;

D&Z 132:38–39.

25a Gen. 49:22–26;

Amosi 5:15;

2 Ni. 3:5;

Aruma 26:36.

NKM Rihai, Baba vaNifai.

27a D&Z 42:22; 49:16.

NKM Kuroora.

28a NKM Hunhu.

chakaipa kwazvo pamberi pangu; vanodaro Ishe veHondo.

29 Nokudaro, vanhu ava vachachengetedza mirau yangu, vanodaro Ishe weHondo, kana vasina kudaro nyika yavo “ichatukwa pamusoro pavo.

30 Nokuti kana ndada, vanodaro Ishe weHondo, kumutsa “mbeu yangu, ndichaudza vanhu vangu, nokuti dzimwe nguva vangateerere kuzvinhu izvi.

31 Nokuti tarisai, ini Ishe, ndaona kusuwa, ndikanzwa kuchema kwevanasikana vevanhu vangu vari munyika yeJerusarema, hongu, nemunyika dzose dzevanhu vangu, nenzira yekuipa neruvengo rwevarume vavo.

32 Uye handizobvumira, vanotaura Ishe veHondo, kuti kuchema kwevanasikana vevanhu ava, vandakatungamira ndichivaburitsa muJerusarema, kuuye kwandiri kuchirwisana nevarume vevanhu vangu, vanodaro Ishe veHondo.

33 Nokuti havazotapa vanasikana vevanhu vangu nenzira yekupfava kwavo, nokuti ndichavashanyira nedambudziko guru, kana kuvaparadza; nokuti havazoita “zveupfambi, sezvaiita vekare, vanodaro Ishe veHondo.

34 Uye zvino tarisai, hama dzangu, munoziva kuti mirairo iyi yakapiwa kuna baba vedu, Rihai; nokudaro, makazviziva kare; imi mave mukuraswa kukuru; nokuti makaita zvinhu

izvi zvamanga musingafanire kuita.

35 Tarisai, imi makaita zvaikaipa “zvikuru kupfuura maRamani, hama dzedu. Makarwadzisa vakadzi venyu, vana venyu vakatadza kuvimba nemi, nenzira yemienzaniso yenyu yakaipa pamberi pavo; uye kuchema kwemwoyo yavo kunosvika kuna Mwari kuchikurwisai. Uye nenzira yekukosha kweshoko raMwari, rinouya richikurwisai, mwoyo mizhinji yakafa, yakabaiwa nemaronda akadzika.

CHITSAUKO 3

Vakachena mumwoyo vanogashira shoko rinofadza raMwari—Kururama kwemaRamani kunopfuura kwemaNifai—Jakobho anoyambira kune vanoda hupombwe, meso-meso, nechitema chose. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

Asi tarisai, ini Jakobho, ndingataure neavo venyu vakachena mumwoyo. Tarisai kuna Mwari nepfungwa dzakasimba, uye munamate kwavari nerutendo rwakapfuuridza, uye vachakunyaradzai mukutambudzika kwenyu, vanozokurevereri, uye vachatumira kurangwa kune avo vanotsvaka kuparara kwenyu.

2 Mose mune mwoyo yachachena, simudzai misoro yenyu mugashire shoko raMwari

29a Eta 2:8–12.

30a Mara. 2:15;
D&Z 132:61–66.

33a NKM Kufadza
Nyama; Kusazvibata
nehupombwe.

35a Jak. 3:5–7.

rinofadza, mugotapirirwa nerudo rwake; nokuti mungangodaro, kana pfungwa dzenyu “dzakasimba, narinhi narinhi.

3 Asi, nhamo nedambudziko, kune avo vasina kuchena mumwoyo, avo “vakasviba zuva iri pamberi paMwari; nokuti kunze kwekunge matendeuka nyika inotukwa pamusana peny; uye maRamani, vasina kusviba semi, zvakadaro naivo ^bvakatukwa nekutukwa kunorwadza, vachakurovai kudakara maparara.

4 Uye nguva iri kusvika nokukurumidza, yokuti kana musina kutendeuka vachakutorerai nyika yenhaka yenyu, uye Ishe Mwari “vachabvisa vatsvene vachivaburitsa mamuri.

5 Tarisai, maRamani hama dzenyu, vamunovenga nenzira yekusviba kwavo nekutukwa kwakauya paganda ravo, vakarurama kupfuura imi; nokuti havana “kukanganwa murairo waIshe, uyo wakapiwa baba vedu—kuti vakafanira kuve nemukadzi mumwechete uye shamwari dzechikadzi kana imwechete zvayo hazvibvumirwe, uye hapafanire kuve neupfambi pakati pavo.

6 Uye zvino, murairo uyu vanoucherechedza vachiuchengetedza; nokudaro, nenzira yekucherechedza uku, mukuchengetedza murairo uyu, Ishe Mwari havazovaparadza, asi vanozovanzwira “tsitsi; uye

rimwe zuva vachave vanhu vakaropafadzwa.

7 Tarisai, varume vavo “vanoda vakadzi vavo, uye vakadzi vavo vanoda varume vavo; uye varume vavo nevakadzi vavo vanoda vana vavo; uye kusatenda kwavo nekukuvengai kwavo kunokonzerwa nekuipa kwemadzibaba avo; nokudaro, murinani zvakadzi kwavari, pamberi peMusiki wenyu mukuru?

8 Hama dzangu, ndinoona kuti mukasatendeuka pazvivi zvenyu, ganda ravo richave jena pane renyu, panguva yamuchanzwa pamwechete navo pamberi pechigaro chekutonga chaMwari.

9 Nokudaro, ndinokupai murairo imi, riri shoko raMwari, kuti chiregai kuvatuka pamusana peganda ravo dema; kana kuvatuka pamusana petsvina yavo; asi mucharangerira kui-pa kwenyu, uye rangerirai kuti kusviba kwavo kwakakonzerwa nemadzibaba avo.

10 Nokudaro, mucharangerira “vana venyu, kuvasuwisa kwamakavaita mumwoyo nenzira yemuenzaniso wamakaisa pamberi pavo; uye zvakare, rangerirai kuti mungango ita nenzira yehutsvina hwenyu, kuti vana venyu vaparadzwe, uye zvitadzo zvavo zvigorongerwa pamusoro peny nemusi wekupedzisira.

11 Hama dzangu, teererai mazwi angu; mutsai pfungwa nemweya yenyu; zvizunzei kuti

3 2a Aruma 57:26–27.
3a NKM Hutsvina.
b 1 Ni. 12:23.

4a Omu. 1:5–7, 12–13.
5a Jak. 2:35.
6a 2 Ni. 4:3, 6–7;

Hir. 15:10–13.
7a NKM Mhuri; Rudo.
10a NKM Vana.

^amumuke muhope dzerufu; uye muzvisunungure mukurwadza ^bkwegehena kuti musave ^cngirozi dzadhiabhorosi, kuti mugoganda mudziva riya remoto nesuriferi—kunove ndiko ^dkufa kwechipiri.

12 Uye zvino ini Jakobho, ndakataura zvimwe zvakawanda kuvanhu vaNifai, ndichivayambira pamusoro ^apeufeve ^bnekupomba, nezvitadzo zvakasiyana-siyana, ndichivaudza mibairo inotyisa yezvitema.

13 Uye zvimwe zvevanhu ava, iye zvino vatanga kuwanda, hazvikwanisike kunyorwa pamahwendefa ^aano, asi zvizhinji zvavo zvakanyorwa pamahwendefa makuru, nezvehondo dzavo, nezvekunetsana kwavo, nekutonga kwemadzimambo avo.

14 Mahwendefa aya anonzi mahwendefa aJakobho, uye akagadzirwa neruoko rwaNifai. Uye ndinogumira pano kutaura mazwi aya.

CHITSAUKO 4

Vose maporofita vainamata Baba muzita raKristu—Kupira kwaAbrahama mwana wake Isaka kwakafanana nekwaMwari neWavo Mumwechete Akaberekwa—Vanhvu vakafanira kuyanana naMwari neRudzikinuro—VaJuda vacharamba dombo rehwaro. Zvingangove

makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

ZVINO tarisai, zvakaitika kuti ini Jakobho, ndaparidzira zvakawanda kuvanhu vekwangu neshoko, (uye ndinokwanisa kungonyora zvishoma chete, nenzira yekuoma kwakaita kunyora mazwi edu pamahwendefa) uye tinoziva kuti zvinhu zvatinonyora pamahwendefa zvinogara zviripo;

2 Asi chose chinhu chatinonyora tikasachinyora pamahwendefa chinoshaike nekupfudzika; asi tinokwanisa kunyora mazwi mashomanani pamahwendefa, anozopa vana vedu, nehama wo dzedu dzinodiwa, karuzivo maererano nesu, kana maererano nezvemadzibaba avo—

3 Zvino tinofara muchinhu ichi; uye tinoshanda nesimba kuti tinyore mazwi aya pamahwendefa, tichivimba kuti hama dzedu dzinodiwa nevana vedu vachazoatambira nemwoyo inotenda, uye voaverenga nokudzidza norufaro kwete nekusuwa, kana nekushora, maererano nevabereki vavo vekutanga.

4 Nokuti, nechikonzero ichi tanyora zvinhu izvi, kuti vagoziva kuti ^ataiziva nezvaKristu, uye taive netariro yekubwinya kwake mazana mazhinji emakore asati auya; uye hatizi isu chete taive netariro yekubwinya kwake, asiwo ^bnemaporofita

11a Aruma 5:6–9.

^b NKM Gehena.

^c 2 Ni. 9:8–9.

^d NKM Rufu, rweMweya.

12a NKM Kusanganana

kusina kururama.

^b NKM Ruchiva;

Akaipa.

13a 1 Ni. 19:1–4;

Jak. 1:1–4.

4 a NKM Jesu Kristu.

^b Ruka 24:25–27;

Jak. 7:11;

Mosaya 13:33–35;

D&Z 20:26.

vatsvene vose vakange varipo tisati tavepo.

5 Tarisai, vaitenda muna Kristu uye “vachinamata Baba nemuzita rake, nesuwo tinonamata Baba nemuzita rake. Uye pamusana paizvozvo tinochengetedza ^bmurau waMosesi, ‘unonongedzera mweya yedu kwaari; nechikonzero ichi chakaitwa kuti chive chitsvene kwatiri nokururama, sezvo zvakanga zvakaiswa kuna Abrahamama murenje mukuteerera kwake mirau yaMwari mukubvuma kwake kupira mwana wake Isaka, zviru zvakafanana nerungano rwaMwari neMwanakomana Wake ^dMumwechete Akaberekwa.

6 Nokudaro, tinotsvaka muma-gwaro emaporofita, uye towana zvakazarurwa zvizhinji nemweya ^awechiporofita; nenzira ^byevapupuri vose ava tinowana tariro, uye rutendo rvedu rwunobva rwasimbiswa, zvekuti tinogona ^ckutaura ^dmuzita ra-Jesu nemiti chaiyo ichititeerera, kana makomo, kana masai-sai egungwa.

7 Zvakadaro, Ishe Mwari vakatiratidza ^akusasimba kwedu kuti tive tinoziva kuti inzira yenyasha dzavo, nekuzvidere-

dza kwavo kukuru kuvana vevanhu, kunoita kuti tive nesimba rekuita zvinhu izvi.

8 Tarisai, mabasa alshe maku-ru uye anoshamisira. Kudzama ^akwezvakavandika zvavo ^bhakutsvakwe tikakuwana; uye hazviitike kuti vanhu vazive dzose nzira dzake. Hakuna munhu ^canoziva ^dnezvenzira dzake kunze kwekunge atozvizururirwa; nokudaro, hama, musashore zvamunozururirwa naMwari.

9 Nokuti tarisai, nesimba ^areizwi rake ^bmunhu akauya panyika, nyika iri yakasikwa nesimba reshoko rake. Nokudaro, kana Mwari vakangotaura chete nyika ikabva yavepo, uye vakataura munhu akabva asikwa, Ko zvino, vangatadze here kutuma ^cnyika, kana mabasa emaoko avo pamusoro penyika, maererano nezvavanenge vachida zvinovafadza?

10 Nokudaro, hama, musatsvake ^akuraira Ishe, asi kuti imi murairwe navo. Nokuti tarisai, imi pachenyu munoziva kuti vanoraira zviru ^bmuuchenjeri, uye mukururama, nemutsitsi huru, mumabasa avo ose.

11 Nokudaro, hama dzinodiwa, dzokerai kwavari ^anerudzikinuro rwaKristu, Mwanakomana

5a Mos. 5:8.

b 2 Ni. 25:24;

Jar. 1:11;

Mosaya 13:27, 30;

Aruma 25:15–16.

nkm Mutemo

waMosesi.

c VaG. 3:24.

d Gen. 22:1–14;

Joh. 3:16–18.

nkm Mumwechete

Akaberekwa.

6a nkm Huporofita.

b nkm Mupupuri.

c nkm Simba.

d Mabasa 3:6–16;

3 Ni. 8:1.

7a Eta 12:27.

8a D&Z 19:10; 76:114.

nkm Zvakavandika zvaMwari.

b VaR. 11:33–36.

c I VaKori. 2:9–16;

Aruma 26:21–22.

nkm Ruzivo.

d Isa. 55:8–9.

9a Morm. 9:17;

Mos. 1:32.

b nkm Sika; Munhu.

c Hir. 12:8–17.

10a 2 Ni. 9:28–29;

Aruma 37:12, 37;

D&Z 3:4, 13.

b nkm Saruzivo;

Ungwaru.

11a nkm Dzikinura.

^bMumwechete Akaberekwa, uye zvimwe mungawane ^ckumuka kuvakafa, maererano nesimba rekumuka kuvakafa riri mu-naKristu, uye mugopiwa na-Kristu kuna Mwari ^dsemichero yekutanga, muine rutendo, uye muine tariro yakanaka yekubwinya kwake asati azviratidza pachake munyama.

12 Uye zvino, vadiwa, musashamiswe kuti ndiri kukutaurirai zvinhu izvi; ko tingaregerei ^akutaura nezverudzikinuro rwaKristu, nokuti tiwane ruzivo rwezvake rwuzere, zvimwechete nekuti tiwane ruzivo rwekumuka kuvakafa nerwenyika ichauya?

13 Tarisai, hama dzangu, uyo anoporofita, ngaaporofite zvinonzwisiswa nevanhu; nokuti ^aMweya unotaura chokwadi uye haunyepi. Nokudaro, unotaura zvinhu ^bsezvazviri chazvo, nezvazvichazove chazvo; nokudaro, zvinhu izvi tinozviratidzwa ^cpachena, kuti mweya yedu iwane ruponeso. Asi tarisai, hatizisu tega vapupuri vezvinhu izvi; nokuti Mwari vakazvitaurawo kuvaporofita vakare.

14 Asi tarisai, maJuda vaive vanhu ^avakaoma mitsipa; uye ^bvaishora mazwi akareruka, uye vakauraya vaporofita, uye

vakatsvaka zvinhu zvakavakanga vasinganzwisise. Nokudaro, nenzira ^cyeupofu hwavo, upofu hwakakonzerwa nekutarisa zvakapfuuridza chinangwa, vanofanira kupunzika; nokuti Mwari vakabvisa kuisa kwavo zvinhu pachena, uye vakavapa zvinhu zvizhinji ^dzvavasinganzwisise, nokuti ndizvo zvavaida. Uye nokuti vaizvida Mwari vakazvita, kuti vapunzike.

15 Uye zvino ini Jakobho, ndiri kutungamirwa neMweya kuti ndiporofite; nokuti ndiri kuona nokushanda kweMweya uri mandiri, kuti ^anekupunzika kwemaJuda ^bvacharamba ^cdombo pavange vachazovakira uye vova nehwaro hwakasimba.

16 Asi tarisai, maererano nemagwaro matsvene, ^adombo iri richave iro guru, uye rokupedzisira, uye rigove iro chete rinoita ^bhwaro, pangavakirwe nemaJuda.

17 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, zvingaitike sei kuti ivava, mushure mekunge varamba hwaro hwechokwadi, vangazovaka ^azvakare pahuri, dombo iroro rikazove musimboti wehwaro hwavo?

18 Tarisai, hama dzangu dzinodiwa, tichakududzirai chishamiso ichi; kana ndikasadaro, nechimwewo chikonzero,

11b VaH. 5:9.
c НКМ Kumuka Kuvakafa.
d Mosaya 15:21-23; 18:9; Aruma 40:16-21.
 12a 2 Ni. 25:26.
 13a НКМ Mweya Mutsvene; Chokwadi.
b D&Z 93:24.

c Aruma 13:23.
 14a Mat. 23:37-38;
 2 Ni. 25:2.
b II VaKori. 11:3;
 1 Ni. 19:7; 2 Ni. 33:2.
c Isa. 44:18; VaR. 11:25.
d 2 Ni. 25:1-2.
 15a Isa. 8:13-15;
 I VaKori. 1:23;

2 Ni. 18:13-15.
b 1 Ni. 10:11.
c НКМ Dombo renheyo; Ibwe.
 16a Mpi. 118:22-23.
b Isa. 28:16;
 Hir. 5:12.
 17a Mat. 19:30;
 D&Z 29:30.

ndazunzwa pakusimba kwangu muMweya, uye ndikapunzika nenzira yekunetseka kwangu kukuru pamusoro penyu.

CHITSAUKO 5

Jakobho anotaura mazwi aZenosi akafanana nerungano rwemuti wemuorivi wekudyarwa nemuorivi wemusango—Vakafanana nema-Israeli nemaJentairi—Kupararira kwaIsraeli nokuzounganidzwa kwake kunotariswa—MaNifai nemaRamani namba yose yaIsraeli zvinotaurwa—MaJentairi vachabatanidzwa naIsraeli—Gare-gare munda wemizambiringa uchapiswa. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, hama dzangu, hamuchayeuka here kuti makambo-verenga mazwi emuporofita “Zenosi, aakataura kuvanhu vema yaIsraeli, achiti:

2 Tererai, vema yaIsraeli, uye munzwe mazwi angu, ini muporofita waIshe.

3 Nokuti tarisai, Ishe vanoti, Ndichakufananidzai, vema “yaIsraeli, nemuti ^bwemuorivhi wekudyarwa nemunhu, wakasimwa ukadiridzwa nemunhu ‘mumunda wake wemizambiringa; wakakura, ukave hunde, uye ukatangisa ^dkuora.

4 Uye zvakaitika kuti tenzi wemunda wemizambiringa akaenda akaona kuti muti wake

wemaorivhi wakatanga kuora, uye akati: Ndichaudimbura, uye ndoutimbira, ndoisa mupfudze, kuti zvimwe utungire mapazi matsva matete, kuti usafe.

5 Uye zvakaitika kuti akaudimurira, akautimbira, akauisa mupfudze sekutaura kwake.

6 Uye zvakaitika kuti mushure memazuva akati muti uye wakatanga kutungira zvishomashoma, mapazi matsva; asi tarisai, pamusoro pakatangisa kuora.

7 Uye zvakaitika kuti muridzi wemunda wemizambiringa akazviona, akati kumuranda wake: Zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemuti uyu; nokudaro, enda unotora mapazi emuorivi “wemusango, uye nawo pano pandiri; uye tobvisa mapazi ayo ari kutanga kuoma, toakanda mumoto kuti atsve.

8 Uye tarisai, vanodaro Ishe wemunda wemizambiringa, ndinotora mapazi madiki aya, uye ndoasunganidza zvandinenge ndafunga; hazvinei kana dai zvikaitika kuti mudzi wemuti uyu ufe, ndingakwanise kuzvichengetera muchero wacho pachangu; nokudaro ndichatora mapazi matsva aya, ndoasunganidza zvandinoda.

9 Tora mapazi emuorivi wemusango, moapinzanisa, “pabviswa mapazi paye; uye aya andabvisa ndichaakanda muchoto

5 1a NKM Zenosi.

3a Ezk. 36:8.

NKM Israeli.

b VaR. 11:17-24.

NKM Muti

wemuorivhi.

c D&Z 101:44.

NKM Munda

wemizambiringa

waIshe.

d NKM Kurasika

Pachitendero.

7a VaR. 11:17, 24.

9a VaR. 1:13.

ndoapisa, kuti asakanganise munda wangu wemizambiringa.

10 Uye zvakaitika kuti munda walshe vemunda wemizambiringa akaita sekutaurirwa kwaakange aitwa nalshe vemunda wemizambiringa, ndokubva apinzanisa nemapazi emuorivi “wemusango.

11 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakaita kuti munda utimbirwe, nekudimburirwa, nokuiswa mupfudze, vachiti kumuranda wavo: Zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemuti uyu; nokudaro, ndati zvimwe ndingouponesa muti uyu midzi ikaramba iri minyoro kuti isafe, kuti ndizvichengetere, saka ndaita zvandaita izvi.

12 Nokudaro, endai kwamuri kuenda; tarisisai muti, mouisa mupfudze, muchitevedza mazwi angu.

13 Uye iyi “ndichaiisa mukati-kati memunda wangu wemizambiringa, pose pandinokwanisa, hazvinei kwamuri; uye ndinozviita izvi kuti tigochengetedza mapazi chaiwo emuti uyu; uye nokutiwo, ndichengetedze michero kuitira ramangwana; kwandiri, nokuti zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemuti uyu nemichero yacho.

14 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa akaenda, ndokuviga ose mapazi chaiwo emuti wemuorivhi mukati-kati memunda wemizambiringa, aya mune ino nzvimbo ayo mune iyo, sezvaainge ada sekumufadza kwazvaiita.

15 Uye zvakaitika kuti mushure menguva refu, Ishe vemunda wemizambiringa akati kumuranda wake: Uya, tiende kumunda wemizambiringa, tinoshandamo.

16 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa, nemuranda wake, vakadzika mumunda wemizambiringa kundoshanda. Uye zvakaitika kuti muranda akati kuna tenzi wake: Tarisai, onai kuno; tarisai muti.

17 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa akatarisa akaona muti uye wakange wapinzaniswa nemapazi emuorivhi wemusango; mapazi aya akanga abata akatungira akatanga kubereka “michero. Uye akaona kuti wakanaka; uye akaona kuti muchero wacho wakafanana nemuchero wepo chaiwo.

18 Uye akati kumuranda wake: Tarisai, mapazi emuti uyu atora unyoro hwemidzi yacho, uye midzi yacho ikaita kuti muti usimbe; nenzira yesimba remidzi mapazi agashira simba rekubereka michero. Zvino, dai takange tisina kupinzanisa mapazi aya, muti uyu ungamai wakafa. Uye zvino, tarisai, ndichachengetedza michero yakawanda kwazvo, iyo yaberekwa nemuti uyu; uye michero iyi ndichaichengetedza kuitira ramangwana, kuti ndigoidya ini.

19 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa akati kumuranda: Uya tiende kuzasi-zasi kwemunda wemizambiringa, uye tarisai kana mapazi

chaiwo emuti epo asina kuberekawo michero yakawanda, yekuti ndichengetedze kuitira mune ramangwana, ini pachangu.

20 Uye zvakaitika kuti vakanda kwakange kwavigwa mapazi chaiwo emuti natenzi, uye akati kumuranda: Tarisai izvi; akatarisa “wekutanga akaona kuti wakange wabereka zvikuru; uye akaonawo kuti wakanaka. Uye akati kumuranda: Tanha muchero, ugouchengetedza kuitira ramanangwana, kuti ndizvichengetedzere ini, nokuti tarisai, akadaro, ndakausakurira nguva huru yose iyi, nokudaro wabereka michero yakawanda.

21 Uye zvakaitika kuti muranda akati kuna tenzi vake: Ko makauya sei kuno kuzodyara muti uyu, kana kuti bazi remuti uyu? Nokuti tarisai, pauri muti uyu ndipo pakange painevhu rakaipisisa mumunda wenyu wose wemizambiringa.

22 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati kwaari: Usandiraire; ndaizviziva kuti ndipo panevhu rakaipa; nokudaro, ndakati kwaari, ndakaurera kwenguva yose iyi, uye iwe ukaona kuti wabereka michero yakawanda kwazvo.

23 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda wavo: Tarisai kuno; tarisa ndadyara rimwe bazi remuti zvakare; uye iwe unozviziva kuti pano pakanga pasina ivhu rakanaka serepakutanga. Asi, tarisai muti wacho.

Ndakaurera kwenguva, uye zvino wakabereka michero yakawanda; saka, iunganidzei, moichengetedzera kuitira ramangwana, kuti ndigozvichengetedzerao ini.

24 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati zvakare kumuranda wavo: Tarisai kuno, uye uone rimwe “baziwo, randakasima; tarisai kuti ndakarichengetedza ndikaripa zvose zvinodiwa, uye rikabereka michero.

25 Uye vakati kumuranda: Tarisai kuno uone rekupedzisi-ra. Tarisai, iri ndakaridyara panevhu “rakanaka; uye ndikarichengetedza kwenguva refu, asi mapazi mashoma-shoma ndiwo akabereka, uye ^bmamwe mapazi akabereka michero seye musango; tarisai, muti uyu ndakauchengetedza sezvanda-kaita mimwe yose.

26 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda: Tema mapazi ose asina kubereka “michero yakanaka, woakanda mumoto.

27 Asi tarisai, muranda vakati kwavari: Ngatiudimurire, tigoutimbira, uye tigouisa mupfudze kwenguva yakati, kuti zvimwe ungakuberekerei michero yakana, kuti mugoichengetedza mune ramangwana.

28 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa nemuranda waIshe vemunda wemizambiringa vakaisa mupfudze

20a Jak. 5:39.

24a Ezk. 17:22–24;
Aruma 16:17;

3 Ni. 15:21–24.

25a 1 Ni. 2:20.

b 3 Ni. 10:12–13.

26a Mat. 7:15–20;

Aruma 5:36;
D&Z 97:7.

pamiti yose yemumunda wemizambiringa.

29 Uye zvakaikita kuti mushure menguva huru, Ishe vemunda wemizambiringa vakati “kumuranda wavo: Uya, tidzike mumunda wemizambiringa, kuti tinoshanda zvakare mumunda wemizambiringa. Nokuti tarisai, ^bnguva iri kusvika, ‘namagumo kwasvika; nokudaro, ndakafanira kuchengetedzera muchero kuitira ramangwana, ini pachangu.

30 Uye zvakaikita kuti Ishe vemunda wemizambiringa nemuranda vakaenda kumunda wemizambiringa; ndokusvika pamuti uya une mapazi awo chaiwo akapazurwa, uye ukagopinzaniswa nemapazi emuti wemusango; uye tarisai pasi pemuti pakange pazere michero “yakasiyana-siyana.

31 Uye zvakaikita kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakaraira muchero, yose nemarudzi ayo. Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati: Tarisai, kwenguva huru tange tichengetedza muti uyu, uye ndakapfimbika michero mizhinji kwazvo.

32 Asi tarisai, nguva ino wakabereka michero yakawanda, uye yose “hapana yakanaka. Uye tarisai, kune marudzi akawanda emichero yakaipa; uye hapana zvazvinondipa, kana dai takashanda zvikuru; uye zvino zvinondisuwisa kwazvo kuti ndirasikirwe nemuti uyu.

33 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda: Muti uyu touita sei, kuti undipe zvakare michero yekupfimbika?

34 Uye muranda akati kuna tenzi vake: Tarisai, nenzira yekuchekera mapazi emizambiringa wemusango apa kudya kumidzi, saka mipenyu uye haina kufa; nokudaro munoono kuti yakanaka.

35 Uye zvakaikita kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda wavo: Muti uyu hauna chaunondipa, uye kana midzi yacho haina chainondiyamura kana ichiita kuti muti uite michero yakaipa.

36 Zvisinei, ndinoziva kuti midzi yakanaka, uye nokudaro ndaichengetedza kuti ndigozishandisa ini; uye nenzira yesimba riri mairi yakabereka michero yakanaka, kubva kumapazi emiti yemusango.

37 Asi tarisai, mapazi emusango aya akura “akakunda midzi; uye nenzira yekuti mapazi emusango akunda midzi abereka michero yakaipa yakawanda; uye nenzira yekuti yabereka michero yakawanda yakaipa saka uchiona wave kutangisa kufa; uye uchatanga kuibva, kuti ukandwe mumoto, kunze kwekunge tatowana zvinoita kuti uchengeteke.

38 Uye zvakaikita kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda wavo: Handei kuzasi-zasi kwemunda wemizambiringa, uye tinotarisa kuti

29a D&Z 101:55; 103:21.
b NKM Mazuva
Ekupedzisira.

c 2 Ni. 30:10; Jak. 6:2.
30a NKM Kurasika
Pachitendero.

32a Nh—JS 1:19.
37a D&Z 45:28–30.

mapazi awochaiwo aita michero yakaipawo here.

39 Uye zvakaitika kuti vaka-enda mukati-kati memunda wemizambiringa. Uye zvakaitika kuti vakaona kuti michero yemiti yepo chaiyo yakanga yaora naiyowo; hongu, “wekutanga, wechipiri, newekugumisira; yose yakange yakaora.

40 Uye muchero “wemusango wewekupedzisira wakange wakurira rutivi rwuya rwemuti rwaiunza michero yakanaka, zvekuti bazi rakanga raoma rikafa.

41 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa akachema, vakati kumuranda. “Chii zvakare chandingadai ndakaita mumunda wangu wemizambiringa?

42 Tarisai, ndakaziva kuti yose michero yemumunda wemizambiringa, kunze kweuno chete, yakange yaora. Uye zvino, kana iyiwo yaichimbobereka michero yakanaka zvino naiyowo yave kuora; uye zvino yose miti iri mumunda wangu wemizambiringa haina basa kunze kwekuti itemwe ikandwe mumoto.

43 Uye tarisai uyu wekupe-
dzisira, une bazi rakasvava, ndakausima panevhu “rakanaka; hongu, pane nzvimbo yandaيدا kwazvo yakanaka kupfuura dzose dzimwe nzvimbo dzemunda wangu wemizambiringa.

44 Uye unoonawo kuti kana zvimwe zvaida “kukanganisa

nzvimbo ino ndakazvitema, kuti ndidyare muti uyu munzvimbo iyoyo.

45 Uye ukaonawo kuti rumwe rutivi rwakaburitsa michero yakanaka, uye rimwe divi rikanunza michero yemusango, uye nokuti handina kubvisa mapazi nokuakanda muchoto, tarisai, akurira mapazi akanaka zvekuti atooma.

46 Uye zvino tarisai, kana zvakadaro kuchengetedza kwose kwatakaita munda wangu wemizambiringa, miti yacho yaora, zvinoita kuti isabereke michero yakanaka; uye iyoyi ndakange ndavimba kuichengetedza, kuti ichabereka ikaita michero, yandaizochengetedza. Asi, tarisa, yaita semiti yemurivi yemusango, uye haina zvainoyamura kunze “kwekute-mwa uye yokandwa mumoto; uye zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nayo.

47 Asi chii chandinga dai ndakaitazve mumunda wangu wemizambiringa? Ndakaregerera here ruoko rwangu, ndisingawuise mupfudze here? Kwete, ndakanga ndichiisa mupfudze, uye ndikawutimbira, uye ndikaikwanhurira, uye ndikaisa mupfudze; uye “ndikatanbanudza ruoko rwangu muswere wose, uye ^bmagumo ari kuswera pedyo. Uye zvino-ndisuwisa kuti nditeme miti yose yemumunda wangu wemizambiringa, uye ndigoikanda

39a Jak. 5:20, 23, 25.

40a Morm. 6:6–18.

41a 2 Ni. 26:24.

43a 2 Ni. 1:5.

44a Eta 13:20–21.

46a 3 Ni. 27:11.

47a 2 Ni. 28:32; Jak. 6:4.

^b NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

mumoto kuti itsve. Ko ndianiko apinza honye mumunda wangu wemizambiringa?

48 Uye zvakaitika kuti muranda akati kuna tenzi vake: Hakuzi kukura kwemunda wenyu wemizambiringa here—haazi mapazi akakurira midzi yakanaka? Uye nenzira yokuti mapazi akakurira midzi, tarisai akakura kupfuura simba remidzi, ndokutora simba rose iwo. Tarisai, ndinoti, hachizicho chikonzero here chaita kuti miti yose yemunda wenyu wemizambiringa iore?

49 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda: Handei tinotema miti iri mumunda wemizambiringa tigoikanda mumoto, kuti isaipise munda wangu wemizambiringa, nokuti handina chandisina kuita. Chimwe chii chandaifanira kuitira munda wangu wemizambiringa?

50 Asi tarisai, muranda akadararona kuna Ishe vemunda wemizambiringa: Dai mamboirega kwechinguva “chakati.

51 Uye Ishe akati: Hongu, ndichairega kwechinguva, nokuti zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemiti yemumunda wangu wemizambiringa.

52 Nokudaro, ngatitorei “mapazi emiti iyo yandakasima kuzasi-zasi kwemunda wemizambiringa, uye toipinzanisa nemapazi emuti watakaatora; uye pamuti uyu totanha michero inonyanya kuvava, topinza-

nisa pamuti nemapazi emuti wepo chaiwo.

53 Uye izvi ndinozviita kuti muti usafe, kuti, zvimwe, ndingaponese midzi yacho kuti ndigoishandisa zvandinoda.

54 Uye tarisai, midzi yemapazi epo chaiwo andakasima posepose pandaikwanisa ichiri mipenyu; nokudaro, kuti ndichengedze kuti igozondishandira, ndichatora mapazi emuti uno, uye “ndoapinzanisa nawo. Hongu, ndichaapinzanisa nemapazi ezimai rawo, kuti ndichengedze midzi igondiitira basa, kuti zvimwe kana yanyatsobata ingazondiberekera michero yakanaka, uye zvimwe ndingazofadzwa nemichero yemunda wangu wemizambiringa.

55 Uye zvakaitika kuti vakatora kubva pamuti chaiwo, ndokupinzanisa nemiti yepo chaiyo, yakange naiyowo yapanduka.

56 Uye vakatorawo miti yepo chaiyo yakange yapanduka, vakaipinzanisa nezimai racho.

57 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati kumuranda: Usabvise mapazi emusango pamiti, kunze kwekunge ari anoita michero inovava zvakananyanya; uye mairi muchaipinzanisa marerano nezvandarokataura.

58 Uye tichapa kudya zvakare miti yemumunda wemizambiringa, uye tichakwanhurira mapazi acho; uye tichakwanhura kubva pamiti ayo mapazi aibva, akafanira kufa, uye toakanda mumoto.

59 Uye izvi ndinozviita kuti, zvimwe, midzi yacho ingawane simba nenzira yekunaka kwayo; nenzira yekupindurwa kwemapazi, kuti zvakanaka zvikunde zvakaipa.

60 Uye nekuda kwekuti ndachengetedza mapazi epo chaiwo nemidzi yacho, uye ndikaapinzanisa mapazi epo chaiwo zvakare kuzimai racho, uye ndikachengetedza midzi yezimai rawo, kuti, zvimwe, miti yemumunda wangu wemizambiringa ingabereke zvakare “michero yakanaka; nokuti ndifare zvakare nemichero yemumunda wangu wemizambiringa uye, zvimwe, ndingazofara chaizvo kuti ndakachengetedza midzi nemapazi emichero yekutanga—

61 Nokudaro, enda, udaidze “varanda, kuti ^btishande nesimba mumunda wemizambiringa, kuti tigadzire nzira, yekuti tiunze zvekare muchero wepo chaiwo, muchero wepo chaiwo wakanaka uye uri unokosha kupfuura mimwe michero yose.

62 Nokudaro, handei tinoshanda nesimba redu rose kekupezdisira, nokuti tarisai nguva yave kusvika, uye ino inguva yekupedzisira yekuti ndikwanhurire munda wangu wemizambiringa.

63 Pinzanisai mapazi; tangai kune “ekupedzisira kuti agove ekutanga, nokutiwo ekutanga agove ekupedzisira, uye mugotimbira miti, mikuru nemidiki, yekutanga neye kupedzisira; yekupedzisira neyekutanga,

kuti yose igopiwa kudya zvakare kwenguva yekupedzisira.

64 Nokudaro, itimbirei, uye moikwanhurira, uye moiisa mupfudze zvakare, kekupezdisira, nokuti magumo ave kusebera pedyo. Uye zvikaitika kuti iyi miti yapinzaniswa kekupezdisira ikure, uye igobereka michero chaiyo yepo, zvino muchagadzira nzira yayo, yekuti ikure.

65 Uye kana otanga kukura munenge muchibvisa nhungirwa dzose dzinoita kuti muchero uvave, maererano nesimba reakanaka nekukura kwawo; uye iwo akaipa acho “hamuabvise ose nguva imwechete, nokuti mumwe musu midzi ingakurire mapazi apinzaniswa, uye mapazi acho angafe, uye ndikarasikirwa nemiti yemumunda wangu wemizambiringa.

66 Nokuti zvinondisuwisa kuti ndirasikirwe nemiti yemumunda wangu wemizambiringa; nokudaro muchabvisa yakaipa maererano nokukura kunenge kuchiita yakanaka, kuti midzi nemuti zvive nesimba rakafanana, kudakara yakanaka yakunda yakaipa, uye yakaipa yatemwa yakandwa mumoto, kuti isaipise ivhu remunda wangu wemizambiringa; uye ndobva ndatsvaira miti yakaipa mubindu rangu reminzabviringa.

67 Uye mapazi emuti chaiwo wepo ndichaapinzanisa zvakare nemuti wepo chaiwo;

68 Uye mapazi emuti chaiwo wepo ndichaapinzanisa nema-

60a Isa. 27:6.

61a Jak. 6:2; D&Z 24:19.

b D&Z 39:11, 13, 17.

63a 1 Ni. 13:42;

Eta 13:10–12.

65a D&Z 86:6–7.

pazi epo; uye ndokuapinzanisa pamwechete kwandichaita zvakare, kuti igobereka michero chaiyo yepo, uye ichave chinhu chimwechete.

69 Uye yakaipa “icharaswa, hongu, kana kutoibvisa mumunda wangu wemizambiringa chose; nokuti tarisai, ndichadimurira munda wangu wemizambiringa kamwechete kano chete.

70 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa vakatuma “muranda wavo; uye muranda akaenda akaita zvaakanga audzwa naIshe vake, uye ndokuunza vamwe varanda; vakange vari ^bvashoma.

71 Uye Ishe vemunda wemizambiringa vakati kwavari: Endai, “munoshanda mumunda wemizambiringa, nesimba renyu. Nokuti tarisai, ndiyo nguva ^byekupedzisira yandichapa kudya munda wangu wemizambiringa; nokuti magumo ave pedyo, uye mwaka uri kusvika; uye mukashanda nesimba renyu neni “muchafadzwa nemuchero yandichazvichengetedzera munguva iri pedyo kuuya.

72 Uye zvakaitika kuti varanda vakaenda vakanoshanda nesimba ravo; uye Ishe vemunda wemizambiringa naivowo vakashanda navo; uye vakaterera mirairo yaIshe vemunda wemizambiringa mune zvinhu zvose.

73 Uye mumunda wemiza-

mbiringa makatanga kuita michero yemo chaiyo zvakare; uye mapazi epo chaiwo akatanga kukura zvakanaka chaizvo; uye nhungirwa dzakatanga kubviswa uye dzikaraswa; uye vakachengetedza midzi nemuti zvakanana, mukusimba kwazvo.

74 Uye ndiko kushanda kwavakaita, nesimba ravo rose, sekutaura kwakange kwaita Ishe vemunda wemizambiringa, kusvika yose yakaipa yaraswa kunze kwemunda wemizambiringa, uye Ishe vazvichengetera muchero wepo, zvekuti miti iyi yakange yave michero yacho chaiwo zvekare; uye zvikave sechinhu “chimwechete; uye michero yakanga yakaenzana; uye Ishe vemunda wemizambiringa, vakanga vazvichengetera muchero chaiwo, uyo wakange wakakosha chaizvo kwavari kubvira pakutanga.

75 Uye zvakaitika kuti Ishe vemunda wemizambiringa pavakaona kuti michero yavo yakange yakanaka, nokutiwo munda wavo wemizambiringa wakanga usisina miti yakaora, vakadaidza varanda vavo, vakati kwavari: Tarisai, kwenguva yekupedzisira tadiridza munda wangu wemizambiringa uno; uye maona kuti ndaita sekuda kwangu; uye ndikachengetedza muchero wepo chaiwo, uri wakanaka, sezvawakanga wakaita pakutanga. Uye imi “makaropafadzwa; nokuti mange

69a 1 Ni. 22:15–17, 23;
2 Ni. 30:9–10.

70a D&Z 101:55; 103:21.
b 1 Ni. 14:12.

71a Mat. 21:28;
Jak. 6:2–3;

D&Z 33:3–4.

b D&Z 39:17; 43:28–30.

c D&Z 18:10–16.

74a D&Z 38:27.

75a 1 Ni. 13:37.

muchishanda neni zvine simba mumunda wangu wemizambiringa, uye muchichengeta mirairo yangu, uye makauya kwandiri nemuchero ^bwepo chaiwo zvakare, munda wangu wemizambiringa hausisina miti yakaora, uye yakaipa yakakandwa kunze, tarisai muchawana mufaro neni nenzira yemuchero wemunda wangu wemizambiringa.

76 Nokuti tarisai, kwenguva “refu ndichachengetedza muchero wemumunda wangu wemizambiringa kuitira ramangwana, uyo iri kusvika nokukurumidza; uye ndakadiridza munda wangu wemizambiringa kwenguva yekupedzisira, neku-idimburira, nokuiisa mupfudze, nokuitimbira-timbira; nokudaro ndichazvichengetedzera muchero wangu, kwenguva refu, maererano nezvandakataura.

77 Uye kana nguva yasvika yekuti michero yakaipa yave zvakare mumunda wangu wemizambiringa, ipapo ndinobva ndati michero yakanaka nemichero yakaipa itanhwe; uye yakanaka ndinoichengetedza, uye yakaipa ndinoirasawo payo yega. Ipapo pobva pasvika “mwaka namagumo; uye ndinobva ndaita kuti munda wangu wemizambiringa ^bupiswe nemoto.

CHITSAUKO 6

Ishe achadzora Israeri mumazuva ekupedzisira—Nyika inobva yapiswa nemoto—Vanhu vakafanira kutevera Kristu kuti vanzvenge dziva remoto nesuriferi. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, tarisai hama dzangu, sekutaura kwandakaita kwamuri kuti ndichaporofita, tarisai, ichi ndicho chiporofita changu—kuti zvinhu zvakatarurwa nemuporofita uyu “Zenosisi, maererano nembaya Israeri, achivafananidza nemuti wakasimwa wemuorivhi, zvichaitika zvechokwadi.

2 Uye zuva raachatambanudza ruoko rwake zvakare nguva yechipiri ^akudzora vanhu vake, ndiro zuva, hongu, ingagove nguva yekupedzisira, yekuti ^bvaranda valshe vafambe vari ^cmusimba ravo, ^dkudiridza nekudimburira ^emunda wavo wemizambiringa; uye mushure mezvo ^fkuguma kunobva kwasvika.

3 Uye vakaropafadzwa sei vakashanda nesimba mumunda wavo wemizambiringa; uye vakatukwa sei avo vacharasirwa munzvimbo dzavo! Uye nyika “ichapiswa nemoto.

4 Uye Mwari vedu vane tsitsi

75b NKM Israeri.

76a 1 Ni. 22:24-26.

NKM Mereniamu.

77a Zvaka. 20:2-10;

D&Z 29:22-24;

43:29-33; 88:110-116.

^b NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

6 1a Jak. 5:1.

2a 1 Ni. 22:10-12;

D&Z 110:11.

NKM Kudzorera

pakare

kweVhangeri.

^b Jak. 5:61.

^c 1 Ni. 14:14.

^d Jak. 5:71.

^e NKM Munda

wemizambiringa

valshe.

^f 2 Ni. 30:10.

3a 2 Ni. 27:2;

Jak. 5:77;

3 Ni. 25:1.

nesu, nokuti vanoyeuka imba “yaIsraeri, zvose midzi nema-pazi acho; uye vanovatamba-nudzira ^bmaoko avo muswere wose; uye vanhu “vakaoma mi-tsipu uye vanhu vane maku-hwa; asi avo vose vasingaomese mwoyo yavo vachaponeswa mumambo hwaMwari.

5 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, ndinokunyengete-dzai nemazwi akapfava kuti dai matendeuka, uye mouya muchiziva mumwoyo menyu, “monamatira kuna Mwari seku-batirira kwavakaita kwamuri. Uye nguva inenge yakatamba-nudzirwa imi ^bruoko rwavo rwetsitsi mukati mezuva, musa-omese mwoyo menyu.

6 Hongu, nhasi, kana muka-nzwa izwi ravo, musaomese mwoyo menyu; ko munoda “kufirei?

7 Nokuti tarisai, mushure mekunge mariritirwa neshoko raMwari muswere wose, muno-unza michero yakaipa here, zvinoita kuti “mutemwe uye mukandwe mumoto?

8 Tarisai, mazwi aya mungaa-rambe here? Mungarambe here mazwi evaporofita; uye munga-rambewo here ose mazwi aka-taurwa maererano naKristu, mushure mekunge vazhinji vataura pamusoro pake; uye

mugoramba shoko rakanaka raKristu, nesimba raMwari, “nechipo cheMweya Mutsvene, nokudzima Mweya Mutsvene, nokuita dambe kuronga kwe-rununuro, zvamakagadzirirwa?

9 Hamuzive here imi kuti mu-kaita zvinhu izvi, kuti simba iroro rerununuro nereku-muka kuvakafa, riri munaKristu, zvi-chakuitai kuti mumire noku-nyara nokunzwa muine “mho-sva zvikuru pamberi pechigaro ^bchekutonga chaMwari?

10 Uye maererano nesimba “rekukutonga kwakanaka, no-kuti kukutonga kwakanaka hakungarambwe, munofanira kuenda ^bkudziva remoto suri-feri, une rimi risingadzime, uye une utsi husingagume kukwira, dziva remoto iri nesuriferi “ida-mbudziko “risingapere.

11 Imi zvino, hama dzangu dzinodiwa, tendeukai, uye mopinda nepakasuwo “kaka-manikana, uye moramba mu-chifamba nenzira yakamanika, dakara muwane upenyu hwo-kusingaperi.

12 Imi “chenjerai; chii chimwe chandingataure?

13 Kekupedzisira, ndinokuo-nekai, kudakara tasangana zva-kare pamberi pechigaro cheku-tonga kwaMwari, icho chigaro chekutonga chinounza kutya

4a II Sam. 7:24.

b Jak. 5:47.

c Mosaya 13:29.

5a NKM Kubatana.

b Aruma 5:33-34;

3 Ni. 9:14.

6a Ezk. 18:21-23.

7a Aruma 5:51-52;

3 Ni. 27:11-12.

8a NKM Chipu

cheMweya Mutsvene.

9a Mosaya 15:26.

NKM Mhosva,

Kuva ne.

b NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

10a NKM Yenzaniso.

b 2 Ni. 28:23.

NKM Gehena.

c NKM Kuraswa.

d D&Z 19:10-12.

11a 2 Ni. 9:41.

12a Morm. 9:28.

nekuzeza “kukuru kune vakai-pa. Ameni.

CHITSAUKO 7

Sheremu anoramba Kristu, anokakavadzana naJakobho, anoda kuona chiratidzo, uye anobva arohwa naMwari — Vose vaporofita vakataura nezvaKristu nerudzikinuro rwake — VaNifai vaigara vachingopembereka, vakaberekerwa mukunetseka vachivengwa nemaRamani. Zvingangove makore 544 kusvika ku421 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika mushure kwemakore akati, mukati mevanhu vekwaNifai makauya murume, ainzi Sheremu.

2 Uye zvakaitika kuti akatanga kuparidzira vanhu, uye achivataurira kuti hakufanirwe kunge kuina Kristu. Uye akaparidza zvinhu zvizhinji zvekunyengedza vanhu; uye izvi aizviita kuti auraye dzidziso yaKristu.

3 Uye akashanda nesimba kuti arasise mwoyo yevanhu, zvekuti akarasisa vanhu vazhinji; uye iye nokuziva kuti ini, Jakobho, ndaive nerutendo munaKristu uyo akange achizouya, akatsvaga mukana wekuti auye kwandiri.

4 Uye akange ari munhu akadzidza, zvekuti akange aine ruzivo rwakakwana rwemutauro wevanhu; nokudaro, aikwanisa kushandisa mazwi akawanda ekunyengedza, uye

aive mutauri chaiye, maererano nesimba radhiabhorosi.

5 Uye akange aine chifungidziro chekuti angandibvise parutendo, asinei “nezvakazarurwa zvizhinji nezvinhu zvizhinji zvandakanga ndaona maererano nezvinhu izvi; nokuti chokwadi ndakange ndaona ngirozi, uye dzikandidzidzisa. Uyezve, ndakanga ndanzwa izwi raIshe richitaura kwandiri iro pacharo, nguva nenguva; nokudaro, handaikwaniswa kuzungunutsa.

6 Uye zvakaitika kuti akauya kwandiri, uye nenzira iyi akataura neni, achiti: Hama Jakobho, ndatsvanga kwenguva kuti nditaure newe; nokuti ndakanzwa uye ndinozivawo kuti unofamba zvikuru, uchiparidza izvo zvaunoti iwe vhangeri, kana dzidziso yaKristu.

7 Uye wakwezva vazvinji vevanhu ava zvekuti vanyangadza nzira dzaMwari dzakanaka, uye “havachatevedza mutemo waMosesi inove nzira kwayo; uye nokuita mutemo waMosesi uve unoshandiswa kunamata munhu aunoti achauya mazana emakore achauya. Uye zvino tarisai, ini, Sheremu, ndinoti kwauri uku kunyomba; nokuti hakuna munhu anoziva zvakadaro; nokuti ^bhaakwanise kutaura zvezvinhu zvichauya. Uye uku ndiko kukakavadzana kwaiita Sheremu neni.

8 Asi tarisai, Ishe Mwari vakafemera “Mweya wake mu-

mweya wangu, zvekuti ndakamunyadzisa mumazwi ake ose.

9 Uye ndakati kwaari: Unoramba here kuti kuna Kristu achauya? Uye akati: Dai kwaive naKristu, handaimuramba; asi ndinoziva kuti hakuna Kristu, haana kumbenge ariko, haafe akavepo.

10 Uye ndikati kwaari: Unotenda magwaro here? Uye akati, Hongu.

11 Uye ndikati kwaari: Saka hauanzwisise; nokuti chokwadi anopupura nezvaKristu. Tarisai, ndinoti kwauri hakuna vaprofita vakambonyora, kana “vakaporofita, vasina kutaura maererano nezvaKristu.

12 Uye izvi hazvizizvo chete—ndakazviisirwa pachena, nokuti ndakanzwa ndikaona; uye zvikaiswa pachena “nesimba reMweya Mutsvene; nokudaro, ndinoziva kuti pakashaya rudzikinuro marudzi ose ^bacharasika.

13 Uye zvakaitika kuti akati kwandiri: Ndiratidze “chiratidzo kuburikidza nesimba reMweya Mutsvene uyu, unoita kuti uzive zvinhu zvakawanda zvose izvi.

14 Uye ndakati kwaari: Ndiri ani ini kuti ndiedze Mwari kuti vakupe chiratidzo muzvinhu zvaunoziva iwe kuti “ndevezvechokwadi? Asi unozviramba,

nokuti uri ^bwadhiabhorosi. Zvisinei, kwete kuti kuitwe kuda kwangu; asi kana Mwari vachifanira kukuranga, ngachive chiratidzo kwauri chekuti vane simba, zvose kudenga nepasi; zvakare, kuti Kristu achauya. Uye kuda kwenyu, Ishe, ngakuitwe, kwete kwangu.

15 Uye zvakaitika kuti ini, Jakobho, ndataura mazwi aya, simba raIshe rakamubata, zvekuti akawira pasi. Uye zvakaitika kuti akachengetwa kwemazuva akati.

16 Uye zvakaitika kuti akati kuvanhu: Unganai pamwechete mangwana, nokuti ndichafa, nokudaro, ndinoda kuti nditature kuvanhu ndisati ndafa.

17 Uye zvakaitika kuti ave mangwana vanhu vakaungana pamwechete; uye akataura zviri pachena kwavari akaramba zvinhu zvaakanga avadzidzisa, uye akapupura Kristu, nesimba reMweya Mutsvene, nekuparidza kwengirozi.

18 Uye akataura pachena kwavari, kuti akange “anyengedzwa nesimba ^bradhiabhorosi. Uye akataura nezvegehena, nezvekusingaperi, nezvekurangwa kwekusingaperi.

19 Uye akati: Ndinotyta kuti zvimwe ndaita chitema “chisingaregererwe, nokuti ndakanjepa kuna Mwari; nokuti

11a Zvaka. 19:10;
1 Ni. 10:5; Jak. 4:4;
Mosaya 13:33–35;
D&Z 20:26.
NKM Jesu Kristu.
12a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—

Mwari Mweya
Mutsvene; Mweya
Mutsvene.
^b 2 Ni. 2:21.
13a Mat. 16:1–4;
Aruma 30:43–60.
NKM Chiratidzo.

14a Aruma 30:41–42.
^b Aruma 30:53.
18a Aruma 30:53.
NKM Hunyengedzi.
^b NKM Dhiabhorosi.
19a NKM Chitadzo
Chisingaregererwe.

ndakaramba Kristu, uye ndikati ndinotenda magwaro; uye chokwadi anotaura nezvake. Uye nokuti ndanyepa kuna Mwari ndiri kutya zvikuru kwazvo ndi zvimwe mhosva yangu ^byaikaipa chaizvo; asi ndinoreurura kuna Mwari.

20 Uye zvakaaitika kuti paakanga ataura mazwi aya haana kuzogona kutaura zvimwe uye ^aakaburitsa mweya wake.

21 Uye gungano zvarakaona kuti akataura zvinhu izvi iye ave pedyo nekufa, vakashamiswa zvikuru; zvekuti simba raMwari rakauya mavari, uye ^avakakurirwa vakawira pasi.

22 Zvino, chinhu ichi chakanidifadza ini, Jakobho, nokuti ndakange ndachikumbira kuna Baba vari kudenga; nokuti vakange vanzwa kuchema kwangu vakapindura munamato wangu.

23 Uye zvakaaitika kuti runyararo nerudo rwaMwari zvakadzorerwa zvakare mukati mevanhu; uye ^avakanzvera magwaro matsvene, uye vakasateerera zvakare mazwi emurume akaipa uyu.

24 Uye zvakaaitika kuti kune zvinhu zvizhinji zvakaaitwa kuti maRamani ^aadzorerwe mukuti vazive chokwadi; asi zvose ^bzvakaramba, nokuti vaifadzwa ^cnehondo ^dnekudeura ropa, uye vakange vaine ^eruvengo rwokusingaperi, nesu hama

dzavo. Uye vakatsvaka kutiparadzwa nguva dzose nezvombo zvavo.

25 Nokudaro, vanhu vekwa-Nifai vakazvidzivirira nezvombo zvavo, nesimba ravo rose, vachivimba naMwari ^adombo reruponeso rwavo; nokudaro, vakave vakundi, vakakunda vavengi vavo.

26 Uye zvakaaitika kuti ini Jakobho, ndakatanga kukwegura; uye zvinyorwa zvevanhu ava sezvo zvichichengeterwa pamahwendefa ^amamwe aNifai, nokudaro, ndinopedzisa chinyorwa ichi, ndichitaura kuti ndanyora zvandakwanisa maererano nokuziva kwangu, ndichiti nguva yedu yakapfuura, ^bneupenyu hweduwo hwakapfuura sekunge kwaive kurota, sezvo tiri vanhu vari vega uye sevanhu vekunamata, vapembiri, takabviswa muJerusarema, tikaberekerwamumatambudzi-ko, murenje, uye tichivengwa nehama dzedu, zvakakonzera hondo negakava; nokudaro, takachema mazuva edu.

27 Uye, ini Jakobho, ndakaona kuti ndave pedyo kuti ndiende kuguva rangu; nokudaro, ndakati kumwana wangu ^aEnosi: Tora mahwendefa aya. Uye ndokumuraira zvinhu zvandakanga ^bndaudzwa nemukoma wangu Nifai, uye akavimbisa kuti achateerera mirau yacho.

19b Mosaya 15:26.

20a Jer. 28:15–17.

21a Aruma 19:6.

23a Aruma 17:2.

24a Eno. 1:20.

b Eno. 1:14.

c Mosaya 10:11–18.

d Jar. 1:6;

Aruma 26:23–25.

e 2 Ni. 5:1–3;

Mosaya 28:2.

25a NKM Ibwe.

26a 1 Ni. 19:1–6;

Jar. 1:14–15.

NKM Mahwendefa.

b Jkb. 4:14.

27a Eno. 1:1.

b Jak. 1:1–4.

Uye ndinopedzisa kunyora kwangu pamahwendefa aya, kunyora kwacho kuri kwange kuri kudiki; uye kumuverengi

ndinooneka, ndichivimba kuti hama dzangu zhinji dzichaverenga mazwi angu. Hama dzangu, chisarai.

BHUKU RAENOSI

Enosi anonamata nesimba zvekuti anobva aregererwa zvivi zvake— Izwi raIshe rinouya mupfungwa dzake, richimuvimbisa ruponeso rwemaRamani muzuva richauya— MaNifai anoedza kudzosa maRamani— Enosi anofara noMununuri wake. Zvingangove makore 420 Kristu asati azvarwa.

TARISAI zvakaitika kuti ini ^aEnosi, ndichiziva baba vangu kuti ^bvakanga ari munhu akarurama—nokuti ^cvakandidzidzisa nerurimi rwavo, ^dnomukufundisa nekuraira kwaIshe—zita raMwari vangu ngariropafadzwe pamusoro pazvo—

2 Uye ndichakutaurirai ^ddambudziko randakava naro pamberi paMwari, ndisati ndagamuchira ^bkuregererwa kwezvivi zvangu.

3 Tarisai, ndakaenda kunohima mhuka mumasango; uye mazwi andaichinzwa baba vangu vachitaura nguva dzose pamusana poupenyu hwokusingaperi, ^anorufaro rwavatendi,

^bzvakadzika zvikuru mumwoyo mangu.

4 Uye mweya wangu wakaita ^anzara; ^bndakapfugama pamberi poMusiki vangu, ndikachema kwavari ^cmumunamato mukuru ndichikumbirira mweya wangu; zuva rose ndakachema kwavari; hongu, apo usiku hwakauya ndakasimudza izwi rangu pamusoro zvokuti rakasvika kumatenga.

5 Uye kwakauya ^aizwi kwandiri richiti: Enosi, zvivi zvako zvaregererwa, uye ucharopafadzwa.

6 Uye ini Enosi, ndakaziva kuti Mwari havanganyepi, nokudaro, mhosva yangu yakabviswa.

7 Uye ndakati: Ishe, zvinoitwa sei?

8 Uye vakati kwandiri: Nokuda ^akwokutenda kwako mu-naKristu, uyo wausati wanzwa kana kuona. Zve, makore akawanda achapfuura asati azviratidza pachake panyama;

[ENOSI]

1 1a NKM Enosi,
Mwanakomana
waJakobho.
b 2 Ni. 2:2-4.
c 1 Ni. 1:1-2.
d VaE. 6:4.
2a Gen. 32:24-32;

Aruma 8:10.
NKM Rutendeuko.
b NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.
3a NKM Rufaro.
b 1 Ni. 10:17-19;
Aruma 36:17-21.
4a 2 Ni. 9:51;

3 Ni. 12:6.
b NKM Ruremekedzo.
c NKM Munamato.
5a NKM Zvakazarurwa.
8a Eta 3:12-13.
NKM Rutendo.

naizvozvo, enda, kutenda kwako
^bkwakuchenesa.

9 Uye zvakaitika kuti panda-
kanga ndanzwa mazwi aya
ndakatangisa kunzwa “shungu
pamusoro pemagariro ehama
dzangu, maNifai; naizvozvo,
^bndakadurura mweya wangu
wose kuna Mwari pamusana
pavo.

10 Uye ndichitambudzika
kudai mumweya, tarisai, izwi
raIshe rakauya “mupfungwa
mangu zvakare, richiti: Ndi-
chashanyira hama dzako maer-
rerano nokuchengeta kwavo
kwakasimba mirairo yangu.
^bNdakavapa nyika ino, uye
inyika tsvene; ^chandizoituka
kunze kwokunge vave kuta-
dza; nokudaro, ndichashanyira
hama dzako maererano sokuta-
ura kwandaita; kutadza kwavo
ndichakuunza nokusuwa pami-
soro yavo.

11 Uye shure kwokunge ini
Enosi, ndanzwa mazwi aya,
kutenda kwangu kwakatanga
kusazungunutswa munaIshe;
uye ndikanamata kwavari kwe-
nguva ndefu ndichitambudzi-
kira hama dzangu, maRamani.

12 Uye zvakaitika kuti shure
kwokunge “ndanamata uye
ndashanda nesimba rose, Ishe
akati kwandiri: Ndichakupa

zvose ^bzvauunoda, maererano
nokutenda kwako.

13 Uye zvino tarisai, izvi ndi-
zvo zvandaida kwavari—kana
zvikaaitika, kuti vanhu vangu,
maNifai, vawira mukutadza,
zvichiita kuti “vaparadzwe,
uye maRamani asina kupara-
dzwa, kuti Ishe Mwari ^bvache-
ngetedze zvinyorwa zvavanhu
vangu, maNifai; kana zvikava
kuti nesimba roruoko rwavo
rwutsvene, kuti ^czvizounzwa
zvakare mumazuva achatevera
kumaRamani, kuti, zvimwe,
^avangaunzwe paruponeso—

14 Nokuti kwazvino kurwisa
kvedu ^akwatadzika kuti tiva-
dzorere mukutenda kwecho-
kwadi. Uye vakapika muku-
shatirwa kwavo vachiti, kana
zvaikwanisika, ^bvaizoparadza
zvinyorwa zvedu nesu, uye ne-
tsika dzose dzamadzibaba edu.

15 Saka, ini nokuziva kuti Ishe
Mwari vaikwanisa ^akuchenge-
tedza zvinyorwa zvedu, nda-
karamba ndichichema kwavari,
nokuti vakanga vati kwandiri:
Chinhu chose chaunokumbi-
ra mukutenda, uchidaira kuti
uchachigamuchira muzita ra-
Kristu, uchachigamuchira.

16 Uye ndaive nokutenda,
ndakachema kuna Mwari kuti
^avachengetedze ^bzvinyorwa;

8b Mat. 9:22.

9a 1 Ni. 8:12;
Aruma 36:24.

b 2 Ni. 33:3;
Mazwi 1:8;
Aruma 34:26–27.

10a NKM Kutunhwa;
Pfungwa.

b 1 Ni. 2:20.

c Eta 2:7–12.

12a Morm. 5:21; 9:36.

b Mpi. 37:4; 1 Ni. 7:12;
Hir. 10:5.

13a Morm. 6:1, 6.
b Mazwi 1:6–11;
Aruma 37:2.

c Aruma 37:19;
Eta 12:22;

D&Z 3:18.

d Aruma 9:17.

14a Jak. 7:24.

b Morm. 6:6.

15a NKM Magwaro
matsvene—Magwaro
matsvene anofanira
kuchengetedzwa.

16a 3 Ni. 5:13–15;
D&Z 3:19–20; 10:46–50.

b NKM Bhuku
raMormoni.

vakaita chibvumirano neni kuti ‘aizozviunza kumaRamani munguva yake.

17 Uye ini Enosi, ndakaziva kuti zvaizova sechibvumirano chavakanga vaita; naizvozvo mweya wangu wakazorora.

18 Uye Ishe vakati kwandiri: Madzibaba ako akati anodawo chinhu ichi; zvichaitika kwavari maererano nekutenda kwavo, nokuti kutenda kwavo kwakaita sokwako.

19 Uye zvakaitika kuti ini Enosi, ndakafamba muvanhu vaNifai, ndichiporofita pazvinhu zvichauya, ndichipupura pamusana pezvinhu zvandakanzwa nezvandakanga ndaona.

20 Uye ndinopupura kuti vanhu vaNifai vakatsvaga nesimba kudzosera maRamani pakutenda zvechokwadi kuna Mwari. Asi “kushanda kwedu kwakaramba; ruvengo rwavo rwakanga rwakakura, uye vakatungamirirwa nemweya yakai-pa zvekuti vakaita semhuka dzesango, nokutyisa, vakave vanhu vane ^bnyota-yeropa, vazere ‘nokukudza zvifananidzo nokuipa; vachidya mhuka dzinodya nyama; vachigara mumatende, vachifamba-famba murenje nekanhembe kaduku kakasungirwa muchiuno nemisoro yakaveurwa; kuziva kwavo kwakanga kuri ^dmuuta, nemumunondo, nedemo. Uye vazhinji vavo hapana chavaidya

kunze kwenyama mbishi; uye vaigara vachitsvaka kutiparadza.

21 Uye zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakarima, “vakakudza zvirimwa zvose zvakasiyana, nemichero, nematanga ezvipfuyo, nematanga emarudzi ose emombe, nembudzi, nembudzi dzomusango, uye namahachi akawanda.

22 Uye pakanga pane “vaporofita vakawanda pakati pedu. Uye vanhu ava vakanga ^bvakao-ma mitsipa vasinganzwisisi.

23 Uye hapana chakanga chiripo kunze “kwehasha dzakapfupidza, ^bkuparidza nokuporofita zvehondo, nokupesana, nokuparadza, nekugara ‘vachiyechidzwa nezverufu, nekugara kwekusingaperi, nekutonga nesimba raMwari, nezvinhu zvose izvi—zvaiita kuti ^dvagare vachitya Ishe. Ndinoti hapana changa chisina kukwana pazvinhu izvi, kutaura kukuru kuri pachena, kunova chengetedza kuti vasakurumidzire kunoparadzwa. Ndiko kunyora kwandinoita pamusoro pavo.

24 Uye ndakaona hondo dzakanga dziri pakati pamaNifai namaRamani mumazuva angu.

25 Uye zvakaitika kuti ndakatanganga kukwegura, makore zana namakumi manomwe ana makore mapfumbamwe akanga apfuura kubva baba vedu Rihai ^avabva Jerusarema.

16c 2 Ni. 27:6.

20a Moro. 9:6.

^b Jar. 1:6.

^c Mosaya 9:12.

NKM Kunamata

Zvifananidzo.

^d Mosaya 10:8.

21a Mosaya 9:9.

22a Mazwi 1:16–18.

^b Jar. 1:3.

23a 1 Ni. 16:2; 2 Ni. 33:5.

^b NKM Paridza.

^c Hir. 12:3.

^d Jar. 1:12; Aruma 31:5.

25a 1 Ni. 2:2–4.

26 Uye ndakazviona kuti munguva shoma ndaifanira kuenenda muguva, shure kwokunge ndatunhwa nesimba raMwari kuti ndiparidze nokuporofita kuvanhu ava, nokutaura chokwadi chiri munaKristu. Ndava ndinozvitaura izvozvo muma-zuva angu ose, uye ndinofara nazvo kupfuura zvenyika.

27 Uye zvino muchinguvana ndichaenda kunzvimbo “yezo-

roro rangu, kuMununuri wangu, nokuti ndinoziva kuti maari ndichazorora. Uye ndichafara musu uyo ^b“muviri unofa wapfeka ‘muviri usingafe, uye ndichamira pamberi pake; zvino ndipo pandichaona chiso chake nokufara, achati kwandiri: Uya kwandiri, iwe wakaropafadzwa, une nzvimbo yawakagadzirirwa ‘mumazimba aBaba vangu. Amenii.

BHUKU RAJAROMU

MaNifai anochengetedza mutemo waMosesi, vanotarisisira kuuya kwaKristu, uye vanobudirira munyika—Maporofita vazhinji vanoshanda zvakasimba kuchengetedza vanhu vari munzira yechokwadi. Zvingangove makore 399 kusvika ku361 Kristu asati azvarwa.

ZVINO tarisai, ini Jaromu, ndinonyora mazwi mashoma maererano nokurairwa kwandakaitwa nababa vangu, Enosi, kuti nhorohondo “yekuzvarwa kwedu ichengetedzwe.

2 Uye sezvo mahwendefa “aya ari ^bmadiki, uye sezvo zvinhu izvi zvirii ‘kunyorwa kuti zvakanangana nokuti hama dzedu ^dmaRamani dzibatsirike, nokudaro, zvakafanira kuti ndinyore zvishoma; asi handi-

zonyora zvinhu zvekuporofita kwangu, kana zvekuzururirwa kwangu. Nokuti chandichanyora chii chingapfuure zvakanyorwa nemadzibaba angu? Nokuti havana kuburitsa pachena here hurongwa hwepuroneso? Ndinoti kwamuri, Hongu; izvozvo zvakandikwanira.

3 Tarisai, zvakafanira kuti kushandwe zvikuru mukati mevanhu ava, nenzira yeukukutu hwemwoyo yavo, nekusanzwa kwenzeve dzavo, neupofu hwepfungwa dzavo, “nekuoma kwemitsipa yavo; zvisinei, Mwari vanovanzwira tsitsi zvikuru kwazvo uye havasati ^bvavatsvaira kubva pamusoro penyika.

4 Uye kune vazhinji mukati

27a NKM Zororo.
b NKM Upenyu hwenyama.
c NKM Asingafe.
d Joh. 14:2–3;
Eta 12:32–34;
D&Z 72:4; 98:18.

[JAROMU]
1 1a 1 Ni. 3:12; 5:14.
2a Jak. 3:14;
Omu. 1:1.
b 1 Ni. 6:1–6.
c NKM Magwaro matsvene—Kukosha

kwemagwaro matsvene.
d 2 Ni. 27:6;
Morm. 5:12.
3a Eno. 1:22–23.
b Eta 2:8–10.

medu “vakazururirwa zvizhinji, nokuti havasi vose vane mitsipa yakaoma. Uye vose avo vasina kuomesa mitsipa vaine rutendo, vane ^bkuwadzana neMweya Mutsvene, unozviratidza kuvana vevanhu, maererano nerutendo rwavo.

5 Uye zvino, tarisai, kwakange kwapfuura mazana maviri emakore, uye vanhu vekwaNifai vakange vawanda vakasimba munyika umu. Vakanga vachicherechedza “nekuchengetedza mutemo waMosesi nezuva ^bresabata vairiita dzvene kuna Ishe. Uye vakange ^cvasingashore; kana kutaura zvakaipa ^dzvekunyomba. Uye mirau yenyika yakange yakaoma zvikuru.

6 Uye vakange vakati tekeshe nenyika yose, nemaRamaniwo zvakare. Uye vakanga vakawandisa kupfuura maNifai; uye vaifarira “kuponda uye vachinwa ropa remhuka.

7 Uye zvakaitika kuti vakauya kazhinji kuzotirwisa, isu maNifai. Asi “madzimambo edu nevatungamiri vedu vaive varume vaive nerutendo rwakuru munaIshe; uye vakadzidzisa vanhu nzira dzaIshe; nokudaro, takamisidzana namaRamani uye tikavatsvaira tikavatandanisa munyika ^bmedu, tikatanga kuvakirira nekukomberedza maguta edu, kana nenzvimbo dzose dzenhaka yedu.

8 Uye takaberekana zvikuru, tikapararira pauso hwenyika yose, uye tikapfuma zvikuru neghoride, nesirivha, nemuzvinhu zvinokosha, nemukuveza zvinhu zvemiti zvinoyevedza, mukuvaka, nemukugadzira michini, nemusimbi nemhangura, ndarira nesimbi tichiita zvinhu zvakasiyana-siyana zvekurimisa, “nezvombo zvehondo—hongu, miseve ine misoro inopinza, nenhava, nemutsunda, nepfumo, nezvose zvekugadzirira hondo.

9 Sokugadzirira kwakange takaita maRamani, havana kukwanisa kutukurira. Asi shoko raIshe rakatsinhirwa, iro ravakataura kumadzibaba edu, vachiti: Kana muchichengetedza mirairo yangu muchave nokubudirira munyika.

10 Uye zvakaitika kuti vaporofita valshe vakavhundutsira vanhu vekwaNifai, maererano neshoko raMwari, kuti kana vakasachengeta mirairo, asi vagowira mukutadza, “vachaparadzwa vagoshaikwa pamusoro penyika.

11 Nokudaro, vaporofita, nevafundisi, nevadzidzisi, vakashanda nesimba, vachikurudzira nomwoyo murefu wose kuti vanhu vabate nesimba; vachidzidzisa “mutemo waMosesi, nezvawakaisirwa; nokuvanyengetedza kuti ^bvatarisire Mesia,

4a Aruma 26:22;
Hir. 11:23;
D&Z 107:18-19.
NKM Zvakazarurwa.
b NKM Mweya Mutsvene.
5a 2 Ni. 25:24;
Aruma 34:13-14.

b Eks. 35:2.
NKM Zuva reSabata.
c NKM Kusvibisa.
d NKM Kutaura zvisina.
6a Jak. 7:24; Eno. 1:20.
7a Jak. 1:9, 11, 15.
b Mazwi 1:14.

8a Mosaya 10:8.
10a 1 Ni. 12:19-20;
Omu. 1:5.
11a Jak. 4:5;
Aruma 25:15-16.
b 2 Ni. 11:4;
Eta 12:18-19.

nokutenda maari kuti achauya ‘sokunge akatouya kare. Uye ndiyo tsika yavakavadzidzisa nayo.

12 Uye zvakaitika kuti nokuvadzidzisa kudai vakaita kuti “vasaparadzwe nokubviswa pamusoro penyika; nokuti ^bvakavabaya pamwoyo neshoko, ndokuramba vachimutsa kuti vasvike mukutendeuka.

13 Uye zvakaitika kuti kwakange kwapera mazana maviri emakore ane makumi matatu ane makore masere—mushure metsika yehondo, nokukaka-

vadzana, nokupararana, kwe-nguva huru chaizvo.

14 Uye ini, Jaromu, handinyore zvakanyanya, nokuti mahwendefa madiki. Asi tarisai, hama dzangu, munogona kuenda kumahwendefa “mamwe aNifai; nokuti tarisai, paari ndipo pakanyorwa zvehondo dzedu, maererano nokunyora kwemadzima-mbo, kana avo vainzi vanyore.

15 Uye ndinoisa mahwendefa aya mumaoko emwanakomana wangu Omuni, kuti achengetedzwe maererano “nemirairo yemadzibaba angu.

BHUKU RAOMUNI

Omuni, Amaroni, Kemishi, Abhinadhomu, naAmarekai, vose vano-ravana kuchengeta zvinyorwa—Mosaya anowana vanhu veZarahemura, vakabva Jerusarema muma-zuva aZedekia—Mosaya anoitwa mambo wavo—Zvizvarwa zva-Mureki kuZarahemura zvakange zvawana Korianduma, wekupedzisa wemaJaredhi—Mambo Benjamin anogadzwa ushe mushure maMosaya—Vanhu vakafanira kupa mweya yavo somupiro kuna Kristu. Zvingangove makore 323 kusvika ku130 Kristu asati azvarwa.

Zvino tarisai, zvakaitika kuti ini Omuni, sokutumwa kwandakaitwa nababa vangu Jaromu, kuti ndinyore pama-

hwendefa aya, kuti tichengetedze nhorohondo yechizvarwa chedu—

2 Nokudaro, mumazuvo angu, ndinoda kuti muzive kuti ndakarwa zvikuru nemunondo kudzivirira vanhu vekwangu, maNifai, kuti vasawire mumaoko evavengi vavo, maRamani. Asi tarisai, ini pachangu ndiri munhu akaipa, uye handina kuteerera nzira kana mirau yalshe sezvandaifanira kuti ndiite.

3 Uye zvakaitika kuti mazana maviri emakore ane makumi manomwe ane makore mata-nhatu apfuura, uye takaita nguva huru yerunyararo; uye tikaitawo nguva huru yehondo dzakaipa nekudeuka kweropa. Hongu, muchidimbu, mukupfu-

11c 2 Ni. 25:24–27;
Mosaya 3:13; 16:6.

12a Eta 2:10.
b Aruma 31:5.

14a 1 Ni. 9:2–4.
15a Jak. 1:1–4.

ura kwemazana maviri emakore ane makumi masere emakore ane makore maviri, uye ini ndakanga ndachengeta mahwendefa aya maererano “nemirairo yemadzibaba angu; uye ndakaapa kumwanakomana wangu Amaroni. Uye ndinomirira pano.

4 Uye zvino ini Amaroni, ndinonyora zvinhu zvose zvandichanyora, zviri zvishoma, mubhuku rababa vangu.

5 Tarisai, zvakaitika kuti kwakapfuura mazana matatu emakore anemakumi maviri emakore, uye avo vakange vakanyanya kuipa vemaNifai “vakaparadzwa.

6 Nokuti Ishe havaizobvumira, mushure mekuvatungamira kubva munyika yeJerusarema uye vakavachengetedza kuti vasawire mumaoko evavengi vavo, hongu, havaizobvumira kuti mazwi asatsinhirwe, ayo avakataura kumadzibaba edu, vachiti: Kana musingazochengetedza mirairo yangu hamuzombobudirira munyika.

7 Nokudaro, Ishe vakavashanyira nokutonga kukuru; zvakadaro, vakange vakarurama vakaita kuti vasafe, asi vakavabvisa mumaoko evavengi vavo.

8 Uye zvakaitika kuti ndakapa mahwendefa kumunin’ina wangu Kemishi.

9 Zvino ini Kemishi, ndinonyora zvishoma zvandiri kunyora, mubhuku rimwechetero nemukoma wangu; nokuti

tarisai, ndakaona zvekupedzisira zvaakanyora, kuti akazvinyora neruoko rwake pachake; uye akazvinyora musu waakazvipa kwandiri. Uye ndiyo tsika yatinochengetedza nayo zvinyorwa, nokuti zviri maererano nemirairo yemadzibaba edu. Uye ndinobva ndamira.

10 Tarisai, ini Abhinadhomu, ndiri mwanakomana waKemishi. Tarisai, zvakaitika kuti ndakaona hondo dzakawanda nokukakavadzana pakati pevvanhu vekwangu, maNifai, nemaRamani; uye ini, nemunondo wangu, ndakauraya vazhinji vemaRamani ndichidzivirira hama dzangu.

11 Uye tarisai, zvinyorwa zvevanhu ava zvakanorwa pamahwendefa ane madzimambo, maererano nezvizvarwa; uye handina kuzarurirwa kwandinoziva kunze kweuko kwakanorwa, kana chimwe chiporofita; nokudaro, izvo zvakanorwa zvakanwana. Uye ndinomira pano.

12 Tarisai, ndini Amarekai, mwanakomana waAbhinadhomu. Tarisai, ndichataura nemi pamusoro paMosaya, uyo akaitwa mambo munyika yeZarahemura; nokuti tarisai, iye akanga akayambirwa naIshe kuti atize kubva munyika “yemaNifai, nevose vainge vateerera shoko raIshe vaifanira ^bkubva wo naye, vachienda murenje—

13 Uye zvakaitika kuti akaita maererano nokutaurirwa kwa-

akaitwa naIshe. Uye vakatizira murenje, vose avo vakateerera shoko raIshe; uye vakatungamirwa nokuparidzirwa kuzhinji nokuporofitwa. Uye vaitsiurwa nguva dzose nezwi raMwari; uye vakatungamirwa nesimba reruoko rwavo, nemurenje kudakara vasvike munyika yaidaidzwa kunzi nyika yaZarahemura.

14 Uye vakawana muine vanhu vainzi vanhu ^avaZarahemura. Zvino, pakave nokufara kukuru pakati pevanhu vaZarahemura; uye naiye Zarahemura akave nomufaro mukuru, nokuti Ishe vakange vatumira vanhu vekwaMosaya ^bnemahwendefa endarira aive nezvinyorwa zvemaJuda.

15 Tarisai, zvakaitika kuti Mosaya akaona kuti ^avanhu veZarahemura vakabva Jerusarema munguva yakatakurwa ^bZedekia, mambo waJuda, achiendwa naye Babironi senhapwa.

16 Uye vakafamba rwendo rwavo murenje, uye vakaunzwa neruoko rwaIshe vakakwanisa kuyambuka, mvura huru, vakasvika nyika yavakawanikwa vari naMosaya; uye vakange vagaramo kubvira munguva iyoyo.

17 Uye panguva yavakawanikwa naMosaya, vakange vawanda kwazvo. Zvakadaro, vakange vasangana nehondo dzakawanda nokukakavadzana kwakaipa, uye vakange varigwa

neminondo nguva nenguva; uye mutauro wavo wakange wakanganiswa; uye havana ^azvinyorwa zvakakange vauya nazvo; uye vairamba kuvapo kweMusiki wavo; uye Mosaya, kana vanhu vekwaMosaya, vakange vasinganzwisise.

18 Asi zvakaitika kuti Mosaya akaita kuti vadzidziswe nemutauro wake. Uye zvakaitika kuti mushure mekunge vadzidziswa nemutauro waMosaya, Zarahemura akataura nhoroondo yekuzvarwa kwemadzibaba ake, maererano nezvaaikwanisa kuyeuka; uye zvakanyorwa, asi kwete mumahwendefa ano.

19 Uye zvakaitika kuti vanhu vaZarahemura nevaMosaya, ^avakabatana pamwechete; uye ^bMosaya akabva anzi ave mambo wavo.

20 Uye zvakaitika kuti muma-zuva aMosaya, kune dombo guru rakauiswa kwaari rakange rakanyorwa mavara pariri; uye ^aakaturikira zvairehwa mavara acho nechipo nesimba raMwari.

21 Uye aitura pamusoro pemumwe ^aKorianduma, nevakauriwa vevanhu vake. Uye Korianduma akawanikwa nevanhu vaZarahemura; uye akagara navo kwemwedzi mipfumbamwe.

22 Zvaitaurawo mazwi mashoma-shoma maererano nemadzibaba ake. Uye vabereki vake

14a NKM Zarahemura.
b 1 Ni. 3:3, 19-20;
5:10-22.
15a Mosaya 25:2.

b Jer. 39:1-10; Hir. 8:21.
17a Mosaya 1:2-6.
19a Mosaya 25:13.
b Omu. 1:12.

20a Mosaya 8:13-19.
NKM Muoni.
21a Eta 12:1.
NKM Korianduma.

vekutanga vakabva “pasho-
ngwe, panguva Ishe ^byavakapi-
ndura mutauro wevanhu; uye
kurwadzisa kwaIshe kwakawira
pavari maererano nokutonga
kwavo, uko kwaenzanirana;
uye ‘mapfupa avo akapararira
nenyika iri nechekuchamhembe.

23 Tarisai, ini Amarekai, nda-
kaberekwa mumazuva aMosa-
ya; uye ndikaramama ndikaona
kufa kwake; uye “Benjamini
mwanakomana wake, akatonga
munzvimbo yake.

24 Uye tarisai, ndakaona
mumazuva amambo Benjamini,
hondo yakaipa kwazvo nekude-
uka kweropa zhinji pakati pema-
Nifai nemaRamani. Asi tarisai,
maNifai akavakurira chaizvo;
hongu, zvekuti mambo Benja-
mini vakavatandanisa vakava-
buritsa munyika yeZarahemura.

25 Uye zvakaitika kuti ndaka-
tanga kukwegura; uye, sezvo
ndakange ndisina mwana, no-
kuziva kuti mambo “Benjamini
vaive munhu anoenzanisa aka-
rurama pamberi paIshe, noku-
daro, ^bndichasvitsa mahwende-
fa aya kwaari, nokukurudzira
vanhu vose kuti vauye kuna
Mwari, Mutsvene waIsraeri,
vatende muchiporofita, nemune
zvinozarurwa, nemukushumira
kwengirozi, nemuchipo cheku-
taura nendimi, nemuchipo che-
kuturikira mitauro, nemuzvi-
nhu zvose ‘zvakanaka; nokuti

hakuna chinhu chakanaka
kunze kwechabva kuna Ishe:
uye icho chakaipa chinobva
kuna dhiabhorosi.

26 Uye zvino, hama dzangu
dzinodiwa, ndinodisa kuti dai
“mauya kuna Kristu, uyo anova
Mutsvene waIsraeri, uye muzo-
dya ruponeso rwake, nesimba
rerununuro rwake. Hongu,
uyai kwaari, uye ^bmupe mweya
yenyu yose ‘semupiro kwaari,
uye moramba “muchitsanya no-
kunamata, uye moshingirira
kusvika kumagumo; uye sezvo
Ishe vari mupenyu muchapo-
neswa.

27 Uye zvino ndombotaura
zvishoma maererano nevamwe
vakaenda murenje kuti vadzo-
kere kunyika yaNifai; nokuti
kwaive nevakawanda vaida kuti
vatore nyika yenhaka yavo.

28 Nokudaro, vakaenda mu-
renje. Uye mutungamiri wavo
semunhu akange akasimba uye
ari anotyisa, uye akaomesa
mutsipa, nokudaro akakonzera
kukakavadzana pakati pavo;
uye vose “vauraiwa, kunze
kwemakumi mashanu, murenje,
uye vakadzokera zvakare ku-
nyika yaZarahemura.

29 Uye zvakaitika kuti vakato-
ra vamwe vakawanda chaizvo,
vakaenda parwendo rwavo zva-
kare vakananga murenje.

30 Uye ini Amarekai, ndaive
nemunin’ina, akaendawo navo;

22a Eta 1:1–5.
b Gen. 11:6–9;
Mosaya 28:17;
Eta 1:33.
c Mosaya 8:8.
23a Mazwi 1:3.

25a Mazwi 1:17–18;
Mosaya 29:13.
b Mazwi 1:10.
c Aruma 5:40;
Eta 4:12;
Moro. 7:15–17.

26a Jak. 1:7; Aruma 29:2;
Moro. 10:32.
b NKM Kupira.
c 3 Ni. 9:20.
d NKM Kutsanya.
28a Mosaya 9:1–4.

uye kubvira nguva iyoyo hapa na chandinoziva nezvavo. Uye ndave pedyo kuradzwa mu-

guva mangu; uye mahwendefa “aya azara. Uye ndinopedza kutaura kwangu.

MAZWI AMORMONI

Mormoni anopfupikisa mahwendefa makuru aNifai—Anoisa mahwendefa madiki nemamwe mahwendefa—Mambo Benjamini vanoita kuti munyika muve nerunyararo. Zvingangove makore 385 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ini “Mormoni, ndave pedyo nekuda kuti ndichipa zvinyorwa zvandange ndichigadzira mumaoko emwanakomana wangu Moronai, tari-sai ndaona kunenge kuparadzwa kwose kwevanhu vangu, maNifai.

2 Uye ave mazana “mazhinji emakore shure kwekunge Kristu auya pandinopa zvinyorwa izvi kumwanakomana wangu mumaoko ake; uye zvinoita kuti ndifunge kuti achaona kuparadzwa zvachose kwevanhu vangu. Asi dai Mwari vaita kuti apunyuke pazviri, kuti agonyora zvakati maererano navo, nezvakati maererano naKristu, kuti rimwe zuva ^bzvingazovayamura.

3 Uye zvino, ndombotaura maererano nezvandanyora; no-

kuti mushure mekunge “nda-pfupikisa zvinobva ^bpamahwendefa aNifai, kusvika pakutonga kwamambo Benjamini ava, vanova vakataurwa nezvavo naAmarekai, ndakatsvaga mukati ‘mezvinyorwa zvakanga zvaiswa mumaoko angu, uye ndikawana mahwendefa aya, akange aine rungano rwupfupi urwu rwevaporofita, kubvira kuna Jakobho kusvika mukutonga kwamambo “Benjamini ava, nemazwiwo mazhinji aNifai.

4 Uye zvinhu zviripamahwendefa aya “zvichindifadza, nenzira yezviporofita zvekuuya kwaKristu; uye madzibaba angu achiziva kuti zvizhinji zvacho zvakazadzikiswa; hongu, neniwo ndinoziva kuti zvinhu zvizhinji zvakaporofitwa maererano nesu kusvika nhasi zvakazadzikiswa, uye izvo zvinopfuurira zuva rino zvakafanira kuzadzikiswa nechokwadi—

5 Nokudaro, ndakasarudza zvinhu “izvi, kuti ndipedzise zvinyorwa zvangu pazviri, zvasara pazvinyorwa zvangu ndichazvitora ^bpamahwendefa

30a 1 Ni. 6:1-6.

[MAZWI AMORMONI]

1 1a 3 Ni. 5:9-12;

Morm. 1:1-4; 8:1, 4-5.

NKM Mormoni,

Muporofita

wechiNifai.

2a Morm. 6:5-6.

b D&Z 3:16-20.

3a D&Z 10:44.

b D&Z 10:38-40.

c Mosaya 1:6;

Hir. 3:13-15;

Morm. 4:23.

d Omu. 1:23.

4a 1 Ni. 6:5.

5a NEMAMWE MAZWI zvinhu zvinofadza iye, vakataurwa mundima 4.

b 1 Ni. 9:2.

aNifai; uye handikwanise kunyora chikamu ^cchezana chezvinhu zvevanhu vangu.

6 Asi tarisai, ndichatora mahwendefa aya, ane zviporofita izvi nezvakazarurwa, ndozviisa pamwechete nezvasara muzvinyorwa zvangu, nokuti zvinotapira kwandiri; uye ndinoziva kuti zvichatapira kuhama dzangu.

7 Uye ndinoita izvi nechikonzero ^achakanaka; nokuti ndinoudzwa nekazeve-zeve, maererano nekushanda kunoita Mweya waIshe uri mandiri. Uye zvino, handizive zvose zvinhu; asi Ishe ^bvanoziva zvinhu zvose zvichauya; nokudaro, vanoshanda mandiri kuti ndiite zviriri maererano nekuda kwavo.

8 Uye ^amunamoto wangu kuna Mwari uri maererano nehama dzangu, kuti dai vadzokera pakuziva Mwari zvakare, hongu, rununuro rwaKristu; kuti vave vanhu ^bvanoyevedza zvakare.

9 Uye zvino, ini Mormoni, ndinopedzisa zvinyorwa zvangu, zvandiri kutora pamahwendefa aNifai; uye ndinozviiita maererano neruzivo nekunzwisisa kwandakapiwa naMwari.

10 Nokudaro, zvakaitika kuti mushure mekunge Amarekai ^aasvitsa mahwendefa aya mumoako amambo Benjamini, vakaatora vakaaisa pamwachete

^bnemamwe mahwendefa, akange aine zvinyorwa zvakange zvatambidzanwa ^cnemadzimambo, kubva kuzvizvarwa nezvizvarwa kudakara kusvika mumazuva amambo Benjamini.

11 Uye akatambidzanwa kubva pana mambo Benjamini, kuzvizvarwa nezvizvarwa kudakara asvika mumaoko ^aangu. Uye ini Mormoni, ndinonamata kuna Mwari kuti vachengetedzwe kubvira iye zvino. Uye ndinoziva kuti achachengetedzwa; nokuti paari pakanyorwa zvinhu zvikuru, mazviriri ndimo muchabuda ^bkutongwa kwevanhu vangu nehama dzavo musi wezuva guru rekupedzisira, maererano neshoko raMwari rakanyorwa.

12 Uye zvino, maererano namambo Benjamini ava—vakange vaine kusawirirana kwakati mukati mevanhu vavo.

13 Uye zvakaitikawo kuti mauto emaRamani akauya achibva ^amunyika yemaNifai, achizorwisa vanhu vavo. Asi tarisai, mambo Benjamini vakaunganidza mauto avo, akamisikidzana navo; uye akarwa nesimba reruoko rwavo, ^bnemunondo waRabhani.

14 Uye nesimba raIshe vakarwisana nevavengi vavo, kudakara vauraya zviuru nezviuru zvemaRamani. Uye zvakaitika

5c 3 Ni. 5:8–11; 26:6–12.

7a 1 Ni. 9:5; 19:3;

D&Z 3:12–20;

10:1–19, 30–47.

^b NKM Saruzivo.

8a 2 Ni. 33:3–4;

Eno. 1:11–12.

^b 2 Ni. 30:6.

10a Omu. 1:25, 30.

^b 1 Ni. 9:4.

^c Jar. 1:14.

11a 3 Ni. 5:8–12;

Morm. 1:1–5.

^b 2 Ni. 25:18; 29:11;

33:11–15;

3 Ni. 27:23–27.

13a Omu. 1:12.

^b 1 Ni. 4:9; 2 Ni. 5:14;

Jak. 1:10;

Mosaya 1:16;

D&Z 17:1.

kuti vakarwisana nemaRamani kudakara vavabvisa munyika yose yenhaka yavo.

15 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge mave “nevaKristu vemanyepo, uye miromo yavo yanyaradzwa, uye varangwa maererano nemhosva dzavo;

16 Uye mushure mekunge mave nevaporofita venhema, nevaparidzi venhema nevadzidzisi vemanyepo mukati mevahhu, uye vose ava varangwa maererano nemhosva dzavo; uye mushure mekunge mava nekusanzwana nevazhinji vachipoya kuenda kumaRamani, tarisai, zvakaitika kuti mambo Benjamini, vachiyamurwa “ne-

vaporofita vatsvene vaive muvanhu vake—

17 Nokuti tarisai, mambo Benjamini vakange vari munhu “mutsvene, uye vaitonga vanhu vavo nokururama; uye makange muine vanhu vatsvene vakawanda munyika, uye vaimparidza shoko raMwari ^bnesimba nemvumo; uye vaishandisa mazwi ‘akaoma nenzira yekuumesa mitsipa kwevanhu—

18 Nokudaro, achiyamurwa naivava mambo Benjamini, achishanda nesimba rose remuviri wake nesimba rwemweya wake rose, nevaporofitawo, vakadzika runyararo munyika zvakare.

BHUKU RAMOSAYA

CHITSAUKO 1

Mambo Benjamini vanodzidzisa vanakomana vavo mutauro nezviporofita zvevadzibaba avo—Kunamata nemaгариро avo zvakachengetedzwa pamusana pezvinyorwa zvakachengetwa pamahwendefa akasiyana-siyana—Mosaya anosarudzwa kuti ave mambo uye obva apiwa kuti achengete zvinyorwa nezvimwe zvinhuwo. Zvingangove makore 130 kusvika ku124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino kwakange kusisina kunetsana “munyika

yose yeZarahemura, mukati mevahhu vose vamambo Benjamini, zvekuti mambo Benjamini vakange vave nerunyararo mazuva avo ose anga asara.

2 Uye zvakaitika kuti vakave nevanakomana vatatu; vakavadaidza mazita avo kuti Mosaya, Hirorumu, naHiramani. Uye vakaita kuti “vadzidziswe ^bnerurimi rwose rwemadzibaba avo, kuti pamberi apo vagove varume vanonzwisisa; nokuti vazive nezvezviporofita zvaka-taurwa nemiromo yemadzibaba avo, izvo zvavakapiwa neruoko rwaIshe.

15a NKM Asingade Kristu.

16a Eno. 1:22.

17a Aruma 13:26.

b Aruma 17:2–3.

c Moro. 9:4;

D&Z 121:41–43.

[MOSAYA]

1 1a Omu. 1:13.

2a Mosaya 4:14–15;

D&Z 68:25, 28.

b Morm. 9:32.

3 Uye akavadzidzisawo maererano nezvinyorwa zvakanyorwa pamahwendefa endarira, achiti: Vanakomana vangu, ndinoda kuti murangarire kuti dai pasina “mahwendefa aya, ane zvinyorwa izvi nemirairo iyi, tingadai tichitambudzika ^bmukusaziva, kana panguva ino, tisingazive zvakavanzika zvaMwari.

4 Nokuti hazvaiita kuti baba vedu, Rihai, vangadai vakarangarira zvinhu zvose izvi, kuti vagozvidzidzisa kuvana vavo, asi kutoti vakayamurwa nemahwendefa aya; nokuti ivo vakange vakadzidziswa “nerurimi rwemaEgipita saka vaikwanisa kuverenga mavara aya, noku-dzidzisa vana vavo, kuti ivo vagozvidzidzisa kuvana vavo, uye nokudaro vachizadzikisa mirairo yaMwari, kana kusvika panguva ino.

5 Ndinoti kwamuri, vana vangu, dai pasina zvinhu izvi, zvakachengetwa uye “zvikengetedzwa neruoko rwaMwari, kuti ^btigoverenga uye tigonzwisisa ‘nezvakavandika zvavo, nokuti tiwane mirairo yavo pamberi pemaziso edu nguva dzose, kana madzibaba edu vangadai vakaderera mukusatenda, uye tingadai takafanana nehama dzedu, maRamani, avo vasina chavanoziva pamusoro pezvinhu izvi, kana kuzvitenda

havazvitende kana vakazvidzidziswa, nenzira “yetsika dze-madzibaba avo, dzisiridzo.

6 Imi vanakomana vangu, ndinoda kuti murangarire kuti mashoko aya ndeecho-kwadi, nokutiwo zvinyorwa izvi “ndezechokwadi. Uye tarisai, nemahwendefa aNifaiwo, ane zvinyorwa nemashoko emadzibaba edu kubvira panguva yavakabva kuJerusarema kusvika zvino, uye zviriri zvecho-kwadi; uye tinogona kuziva chokwadi chazvo nokuti tinazvo pamberi pemaziso edu.

7 Uye zvino, vanakomana vangu, ndinoda kuti murangarire “kuzvitsvaga nesimba, kuti zvigokuyamurai; uye ndinodawo kuti ^bmuchengete mirairo yaMwari, kuti ‘mugobudirira munyika maererano “nezvivimbiso zvakaitwa nalshe kumadzibaba edu.

8 Uye zvinhu zvizhinji zvakadzidzisa mambo Benjamini vanakomana vavo, zvisina kunyorwa mubhuku rino.

9 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge mambo Benjamini vapedza kudzidzisa vanakomana vavo, vakanzwa kukwegura, vakaona kuti vave pedyo pekuenda kwakaenda vamwe vose munyika; nokudaro, vakafunga kuti zvakafanira kuti vape umambo mumwe wevanakomana vavo.

3a NKM Mahwendefa.

b Aruma 37:8-9.

4a Nh—JS 1:64.

5a NKM Magwaro matsvene—Magwaro matsvene anofanira kuchengetedzwa.

b Deut. 6:6-8.

c NKM Zvakavandika zvaMwari.

d Mosaya 10:11-17.

6a 1 Ni. 1:3;

2 Ni. 33:10-11;

Moro. 10:27.

7a NKM Magwaro matsvene.

b Mosaya 2:22;

Aruma 50:20-22.

c Mpi. 122:6;

1 Ni. 2:20.

d Aruma 9:12-14.

10 Naizvozvo, vakaita kuti Mosaya aunzwe kwavari; uye aya ndiwo mazwi avakataura kwaari, vachiti: Mwanakomana wangu, ndinoda kuti udaidzire kunyika yose kuvanhu vose ava, kana "vanhu veZarahemura nekuvanhu vaMosaya vanogara munyika umu, kuti vaungane pamwechete; nokuti mangwana ndichaidzira kuvanhu ava nemuromo wangu kuti iwe wave ^bmambo nemutongi wevanhu ava, avo vatakapihwa naIshe Mwari vedu.

11 Uye zvakare, ndichapa vanhu ava ^azita, kuti vagosiyana pane avo vose vanhu vakabviswa naIshe Mwari munyika yeJerusarema; uye izvi ndinozviita nokuti vanga vakasimba mukuchengetedza mirairo yaIshe.

12 Uye ndinovapa zita risingazombodzimwa, rinotodzimwa ^anekutadza.

13 Hongu, uye zvakare ndinoti kwamuri, kana vanhu ava vanodiwa kwazvo naIshe vakawira ^amukutadza, uye vakave vanhu vakaipa uye mhombwe zevanhu, zvekuti Ishe vachavaramwa, zvekuti ^bvachashaya simba sehama dzavo; uye ^chavazovachengetedza nesimba ravo risina anaro rinoshamisa, sekuchengetedza kwavakaita madzibaba edu kusvika zvino.

14 Nokuti ndinoti kwamuri, dai vakanga vasina kutambanudza ruoko rwavo muku-

chengetedza madzibaba edu vangadai vakawira mumaoko emaRamani, uye vakanetswa neruvengo rwavo.

15 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge mambo Benjamini vapedza kutaura uku kumwanakomana wavo, vakamupa simba pamusoro pezvinhu zvose zvenyaya dzeumambo.

16 Uye zvakare, vakamupawo simba pamusoro pezvinyorwa zvakanga zvakanyorwa ^apamahwendefa endarira; neayowo mahwendefa aNifai; uye zvakare, ^bmunondo waRabhani, ^cnebhora kana kuti chinongedzo, chakatungamira madzibaba edu vachipinda nemurenje, chakagadzirwa neruoko rwaIshe kuti vagotungamirwa, wose munhu maererano noku-
teerera nokusimba kwavainge vamupa.

17 Naizvozvo, zvavakange vasingatendeseke havana kubudirira munyika zve havana kufambira mberi murwendo rwavo, asi ^avakatinhirwa shure, uye vakaunza hasha dzaMwari pavari; uye saka vakarohwa neshamhu yenzara nokutambudzika kunorwadza, kuti vamuke vagorangarira basa ravo.

18 Uye zvino, zvakaitika kuti Mosaya akaenda akanoina zvakanga zvataurwa nababa vake, uye akadaidzira kuvanhu vose vakange vari munyika yeZarahemura kuti vaungane pamwechete, vaende kutemberi kuti

10a Omu. 1:14.

^b Mosaya 2:30.

11a Mosaya 5:8-12.

12a NKM Chitadzo.

13a VaH. 6:4-6.

^b Hir. 4:24-26.

^c D&Z 103:8-10.

16a Mosaya 1:3.

^b 1 Ni. 4:8-19;

Mazwi 1:13; D&Z 17:1.

^c 1 Ni. 16:10.

17a 1 Ni. 18:12-13.

vanonzwa mazwi achataurwa nababa vake kwavari.

CHITSAUKO 2

Mambo Benjamini vanotaura kuvanhu vavo—Vanotaura nezvekuenzana, nekunaka neumwari mukutonga kwavo—Vanovaraira kuti vashandire Mambo vavo Vokudenga—Avo vanopandukira Mwari vachatambudzika nokurwadziwa semoto usingadzime. Zvingangove makore 124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Mosaya aita sokurairwa kwaakanga aitwa nababa vake, adaidzira munyika yose, kuti vanhu vaungane nyika yose, kuti vaende kutemberi kunonzwa mazwi amambo Benjamini avaizotaura kwavari.

2 Uye pakava nevakawanda zvikuru, vakawandisa zvokuti havana kukwanisa kuvavereanga; nokuti vakanga vaberekana uye vasimba munyika umu.

3 Uye vakatora zvibereko ^azvokutanga zvematanga avo, kuti vagopira ^bchibairo ^cnomupiro wokupisa ^dmaererano nemutemo waMosesi.

4 Uye zvakare kuti vagopa kutenda kuna Ishe Mwari vavo, avo vakavaunza kubva munyika yeJerusarema, avo vakaburitsa mumaoko emhandu

dzavo, ^avakasarudza varume vakarurama kuva ^bvadzidzisi vavo, nomunhu akarurama kuva mambo vavo, uyo ainge adzika runyararo ^cmunyika yeZarahemura, akadzidzisa kuti ^dvachengete mirairo yaMwari, kuti vave vanofara nokuzadzwa ^enorudo kuna Mwari nokuvanhu vose.

5 Uye zvakaitika kuti apo pavakauya kutemberi, vakamisa matende avo akatenderedza, murume wose ^anemhuri yake, zvichiti mudzimai wake, navanakomana vake, navanasikana vake, navanakomana vavo, navanasikana vavo, kubva kumukuru kusvika kumudiki, mhuri dzose dzimire dzakaparadzana.

6 Uye vakamisa matende avo vakatenderedza temberi, murume wose akamisa musuo ^awetende wakatarisa kutemberi, kuti varambe vari mumatende vachinzwa mazwi amambo Benjamini kana vachinge votaura kwavari;

7 Nokuda kwokuti gungano rakanga rakakura zvokuti mambo Benjamini havaikwanisa kuvadzidzisa vose vari mukati metemberi, naizvozvo vakaita kuti pavakwe shongwe refu, kuti vanhu vavo vanzwe mazwi avaizotaura kwavari.

8 Uye zvakaitika kuti vakatungisa kutaura kuvanhu vavo vari pashongwe; havana kukwanisa kunzwa mazwi avo ose

2 3a Gen. 4:4.
b NKM Kupira.
c 1 Ni. 5:9.
d 2 Ni. 25:24;
Aruma 30:3; 34:13-14.

4a NKM Akadaidzwa naMwari.
b Mosaya 18:18-22.
NKM Dzidzisa.
c Omu. 1:12-15.

d Joh. 15:10.
e NKM Rudo.
5a NKM Mhuri.
6a Eks. 33:8-10.

nokuda kwokuwanda kwavanhu; nokudaro vakaita kuti mazwi avo avaitaura anyorwe achitumirwa kune avo vakange vasingavanzwe, kuti vaagamuchirewo.

9 Uye aya ndiwo mazwi “avakataura vakaita kuti anyorwe, vachiti: Hama dzangu, imi mose maungana pamwechete, imi mose munokwanisa kunzwa mazwi andichataura kwamuri nhasi; nokuti handina kukurairai kuti muuye pano ^bkuzotamba nemazwi andichataura kwamuri, asi kuti munofanira ^ckuteerereswa kwandiri, uye muzarure nzeve dzenyu kuti munzwe, ^dnemwoyo yenyu kuti munzwise, ^enepfungwa dzenyu kuti ^fzvakananzika zvaMwari zvipfudzunurwe mumaziso enyu.

10 Handina kukurairai kuti muuye kuno kuti “munditye, kana kuti mufunge kuti ini ndakasiyana navanhu vanofa.

11 Asi ndakafanana nemi, nokuva ndinobatwa nezvirwere zvakasiyana mumuviri nomupfungwa; asi ndakasarudzwa navanhu vano, ndikaropafadzwa nababa vangu, uye ndikabvumirwa noruoko rwaIshe kuti ndive mutongi namambo pamusoro pavanhu ava; ndikachengetedzwa nesimba ravo risina anaro, kuti ndikushandirei, nekugwinya, nepfungwa nesimba zvole izvo Ishe zvavakapa kwandiri.

12 Ndinoti kwamuri sezvo

ndakabvumirwa kuti ndipedze mazuva angu panyika ndichishandira imi, kana kusvika panguva ino, uye handina kutsvaga “goridhe kana sirivha kana umwewo upfumi zvahwo kubva kwamuri;

13 Handina kuda kana kuti mugare mumakomba, kana kuti muitane varanda, kana kuti muponde, kana kuparadza, kana mube, kana kuita upombwe; kana kuda kuti mutadze neimwewo nzira, uye ndikakudzidzisa kuti muchengete mirairo yaIshe, muzvinhu zvole zvakakurairai—

14 Uye kunyange neni, pachangu, “ndakashanda namaoko angu kuti ndikushandirei, kuti musava munoremedzwa nemitero, uye kuti kusauye chimwe chinhu chinorwadza kutakura kwamuri—pazvinhu zvole izvi zvandataura, imimi pachenyu muri vapupuri pazuva ranhasi.

15 Asi hama dzangu, handina kuita zvinhu izvi kuti ndizvikudze, kana kuti ndataura zvinhu izvi kuti ndikupei mhosva; asi ndinokutaurirai zvinhu izvi kuti muone kuti ndinokwanisa kupindura “ndisingatye pamberi paMwari pazuva ranhasi.

16 Tarisai, ndinoti kwamuri nokuti ndamboti kwamuri ndakapedza mazuva angu ndichikushandirai, handizi kuzvikudza, nokuti ndanga ndingori mukushandira Mwari.

9a Mosaya 8:3.

b D&Z 6:12.

c NKM Teerera.

d Mosaya 12:27;

3 Ni. 19:33.

e NKM Pfungwa.

f NKM Zvakavandika

zvaMwari.

10a NKM Kutya.

12a Mabasa 20:33–34.

14a I VaKori. 9:18.

15a NKM Hana.

17 Uye tarisai, ndinokuudzai zvinhu izvi kuti mudzidze ^aungwaru; kuti mudzidze kuti kana muri ^bmukushandira ^cvamwe venyu munenge muri mukushandira Mwari wenyu.

18 Tarisai, munondidaidza kuti mambo venyu; zvino kana ini, amunodaidza kuti mambo venyu, ^andichikushandirai, hamufanire here imi kushandirana mumwe nemumwe?

19 Uye tarisai zvakare, kana ini, wamunodaidza kuti mambo venyu, avo vapedza mazuva avo vari mukushandira imi, asi kwanga kuri kushandira Mwari, ndichifanira kutendwa nemi, ko Mambo venyu wokudenga munofanira ^akumutenda zvakadii!

20 Ndinoti kwamuri, hama dzangu, kuti mukapa kutenda kose ^anokurumbidza nesimba rinogona kuye mumweya wenyu, kuna ^bMwari avo vakakusikai, vakakuchengetai noku-kuchengetedzai, vakaita kuti mufare, vakakubvimirai kuti mugare nerunyararo pakati penyu —

21 Ndinoti kwamuri kuti kana mukashandira ivo vakakusikai kubva pakutanga, nokukuchengetedzai zuva nezuva, noku-kuposhai kufema, kuti murarame nokufamba nokuita ^akuda kwenyu, kana nokukusimbisai kubva pane ino nguva kuenda pane imwe — ndinoti, kana mu-

kavashandira nemweya yenyu yose asi muchingove varanda ^bvasina rupundutso.

22 Uye tarisai, zvavanoda che-te kwamuri ^akuchengeta ^bmirairo yavo; vakakuvimbisai kuti mukachengeta mirairo yavo muchabudirira munyika; uye ^chavapinduke pane zvavanenge vataura; naizvozvo, ^dmukachengeta mirairo yavo muchakomborerwa uye muchabudirira.

23 Uye zvino, chinhu chokutanga, vakakusikai, vakakupai upenyu hwenyu, uhwo hunova chikwereti chamuinacho kwavari.

24 Uye chechipiri, vanoda kuti imi multe sokuraira kwavakakuitai; nokuti mukaita, ^avano-kukomborerai ipapo; naizvozvo vanenge vakuripai. Asi imi muchine chikwereti kwavari, uye muchiri, uye muchave, nacho narinhi narinhi; naizvozvo, muneiko chamungazvikudzire?

25 Uye zvino ndinobvunza, pane kana chamungazvireverere nacho here? Ndinokupindurai, Kwete. Hamungati makaenzana kana neguruva renyika; asi ^amakasikwa ^bneguruva renyika, asi tarisai, nderevaridzi vakakusikai.

26 Uye ini, kunyange ini, wamunodaidza kuti mambo venyu, handisi nani kupfuura imimi; nokuti ndiri weguruvawo. Uye munoono kuti ndakura, ndava

17a NKM Ungwaru.
b Mat. 25:40; Jkb. 1:27;
 D&Z 42:29-31.
 NKM Rubatsiro.
c NKM Hama;
 Hanzvadzi.
 18a Mat. 20:26-27.

19a NKM Kupakutendo.
 20a 1 Ni. 18:16.
b NKM Mwari, Musoro
 hwehuMwari.
 21a NKM Kuzvisarudzira.
b Ruka 17:7-10.
 22a Zvaka. 25:18-19;

2 Ni. 1:9.
b NKM Mirairo yaMwari.
c D&Z 3:1-2.
d D&Z 14:7; 58:2-3.
 24a NKM Kuropafadzwa.
 25a NKM Sika.
b Gen. 3:19; Jak. 2:21.

pedyo nokusiira muviri kuna mai vawo ivhu.

27 Naizvozvo, sekutaura kwandamboita kwamuri, kuti ndakakushandirai, “ndichifamba ndisina chandinotyia pamberi paMwari, kunyange ini panguva ino ndaita kuti muungane pamwechete mose, kuti ndionekwe ndisina mhaka, uye kuti ^bropa renyu risauya pamusoro pangu, apo ndichamira kuti nditongwe naMwari pazvinhu izvo zvandakarairwa pamusana penyu.

28 Ndinoti kwamuri ndaita kuti muungane pamwechete kuti “ndibvise ropa renyu panguwu dzangu, panguva ino ndava pedyo nokuenda muguva, kuti ndiende norunyararo, ^bmweya wangu usingafi ugobata na ‘nevaimbi kumusoro mu kuimba kupembedza Mwari vakarurama.

29 Uye zvakare, ndinoti kwamuri ndaita kuti muungane pamwechete, kuti ndikutaurirei kuti handichakwanisa kuramba ndiri mudzidzisi venyu, kana mambo venyu;

30 Nokuti kunyange izvozvi, muviri wangu uri kubvunda zvikuru apo ndiri kuedza kutaura kwamuri; asi Ishe Mwari vanondisimbisa, uye vanditendera kuti nditaure kwamuri, vandiraira kuti nditaure kwamuri pazuva ranhasi, kuti mwanakomana wangu Mosaya ndimambo nomutongi pamusoro penyu.

31 Uye zvino, hama dzangu, ndinoti multe sezvamanga muchiita. Sezvo makachengeta mirairo yangu, uye zvakare nemirairo yababa vangu, mukabudirira, mukachengetwa kuti musawire mumaoko emhandu dzenyu, naizvozvo mukachengeta mirairo yomwanakomana wangu, kana kuti mirairo yaMwari iyo ichapiwa kwamuri naye, muchabudirira munyika, uye mhandu dzenyu dzichashaya simba pamusoro penyu.

32 Asi, hama dzangu, chenjerai kuti pangangova “nokupesana pakati penyu, motsvaka kuteerera mweya wakaipa, uyo waka-taurwa nababa vangu Mosaya.

33 Nokuti tarisai, kune nhamo yakataurwa kune uyo anosarudza kuteerera kumweya uyu; nokuti kana akasarudza kuteerera, akagara nokufira muzvivi zvake, munhu iyeye anozvinwira “kuraswa kumweya wake; nokuti achagamuchira somubairo wokutadza kwake kurangwa ^bkusingaperi, nenzira yokutyora mutemo waMwari zvisingapiderane noruzivo rwake pachake.

34 Ndinoti kwamuri, hakuna vamwe pakati penyu, kunze kwokunge vari vana vaduku venyu vasina kumbodzidziswa pamusoro pezvinhu izvi, asi vanoziwa kuti mune mungava kunaBaba vekudenga nekusingaperi, mumupe zvose zvamuinazvo nezvamuri; uye makadzidziswa pamusoro pezvinyorwa izvo zvine zvipo-

27a NKM Famba, Famba naMwari.
b Jak. 1:19.

28a Jak. 2:2.
b NKM Mweya.
c Morm. 7:7.

32a 3 Ni. 11:29-30.
33a NKM Kuraswa.
b D&Z 19:6, 10-12.

rofita zvakataurwa namaporo-
fita vatsvene, kana kusvika
panguva iyo baba vedu, Rihai,
vakasiya Jerusarema;

35 Uye zvakare, nezvose zva-
kataurwa namadzibaba edu
kusvikira iye zvino. Uye tarisai,
zvakare, vaitaura izvo zvavaira-
irwa naIshe; naizvozvo, vakaru-
rama uye vari pachokwadi.

36 Uye zvino, ndinoti kwamu-
ri, hama dzangu, kuti shure
kwokunge maziva nokudzidzi-
swa zvinhu zvose izvi, mukata-
dza nokuita zvinhu zvinopikisa
izvi zvakataurwa, kuti munenge
muchizvibvisa kuMweya wa-
Ishe, kuti usave nenzvimbo
mamuri kuti ukutungamirirei
munzira youngwaru kuti mu-
komborerwe, mubudirire noku-
chengetedzwa—

37 Uye ndinoti kwamuri, kuti
munhu anoita izvi, mumwe-
chete iyeye achabuda pachena
“mukupandukira Mwari; nai-
zvozvo anosarudza kuteerera
kumweya wakaipa, obva ava
mhandu kuzvitsvene zvose; nai-
zvozvo, Ishe haana nzvimbo
maari, nokuti haagare mute-
mberi ^bdzisiri tsvene.

38 Naizvozvo kana munhu
uyu ^aakasatendeuka, agogara
nokufa ari mhandu yaMwari,
zvinodiwa ^bnokutonga kwaka-
rurama zvinomutsa mweya
wake usingafe mukuziva ‘mho-
sva yake, izvo zvinomuita kuti
anyare kuva pamberi paIshe,

nokuzadza chipfuva chake
nemhosva, nekurwadziwa, no-
kusuwa kukuru, kunofanana
nemoto usingadzime, une rimi
rinoramba richikwira narinhi
narinhi.

39 Uye zvino ndinoti kwamuri,
munhu iyeye haawane “tsitsi;
naizvozvo kutongwa kwake
kwokupedzisira ndokwokurwa-
dziwa kusingaperi.

40 Imi, mose harahwa, nemi
mose varume vaduku, nemi
vana vaduku munonzwisisa
mazwi angu, nokuti ndataura
pachena kwamuri kuti imi
munzwisise, ndinonamata kuti
mumuke “mukurangarira zvi-
nhu zvakaipa zvakawira vose
vakamutadzira.

41 Uye zvakare, ndinoda kuti
mufunge makomborero “noru-
faro rwe avo vanochengeta
mirairo yaMwari. Nokuti tari-
sai, ^bvakakomborerwa muzvi-
nhu zvose, zvose munyama
napamweya; vakabatirira ‘pa-
kutenda kwavo kusvikira kwo-
kupedzisira vachagamuchirwa
^dkudenga, kuti vazova vanogara
naMwari mumugariro wemu-
faro usingaperi. Rangarirai,
rangarirai kuti zvinhu izvi
ndezevchokwadi; nokuti Ishe
Mwari vakazvitaure.

CHITSAUKO 3

Mambo Benjamini vanoenderera

37a Mosaya 3:12;
Hir. 8:24–25.
NKM Hupanduki.
b Aruma 7:21.
38a NKM Rutendeuko.

b NKM Yenzaniso.
c NKM Mhosva, Kuva ne.
39a Aruma 34:8–9, 15–16.
NKM Anetsitsi.
40a Aruma 5:18.

41a 4 Ni. 1:15–18.
NKM Rufaro.
b NKM Kuropafadzwa.
c D&Z 6:13.
d NKM Denga.

mberi nokutaura kwavo—Ishe Vanamasimba ose vachaparidza kuvanhu vose mutabernakeri yevhu—Ropa richabuda nemumaburi ose eganda ravo vachiripira zvitadzo zvenyika—Ravo ndiro chete zita rinounza ruponeso—Vanhu vanokwanisa kubisa munhu wenyama nokuva Vatendi kuburikidza noRudzikinuro—Kurwadziwa kwovakaipa kuchaita somoto nesuriferi. Zvingangove makore 124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakare hama dzangu, ndinoda kuti munditeerere, nokuti ndine zvakawanda zvanidinoda kutaura; nokuti tarisai, ndine zvinhu zvandiri kuda kutaura kwamuri pamusana pezvinhu zvichauya.

2 Uye zvinhu zvandichataura kwamuri zvakaziviswa kwandiri “nengirozi yaMwari. Akati kwandiri: Muka; ndikamuka, uye tarisai akamira pamberi pangu.

3 Uye ikati kwandiri: Muka, unzwe mazwi andichakutaurira; nokuti tarisai, ndauya kuzokudza mashoko “anofadza zvikuru.

4 Nokuti Ishe vanzwa minamoto yako, vakatonga nezveutsvene hwako, vakandituma kuti ndikutaurire kuti chifara; kuti ungataurirewo vanhu vako, kuti vazadzwevo nomufaro.

5 Nokuti tarisai, nguva yasvika, uye haisi kure, kuti nesimba “Ishe Vanamasimba ose vanotonga, avo vakanga vari, uye vari kubva kose kusingaperi kusvika kose kusingaperi, vachadzika kubva kudenga mukati mevana vavanhu, vachizogara ^bmutabernakeri yevhu, uye vachafamba pakati pavanhu, vachiita ^czvishamiso zvikuru, zvakaita sokuporesa vanorwara, kumutsa vakafa, vachiita kuti vakaremara vafambe, mapofu aone, matsi dzinzwe, nokuporesa zvirwere zvakasiyana-siyana.

6 Uye vachaburitsa kunze “dhiabhorosi, kana kuti mweya yakaipa iyo inogara mumwoyo yavana vavanhu.

7 Uye ivo, “vachaedzwa, nokurwadziwa pamuviri, ^bnzara, nyota, nekuneta, kana kupfuura ^ckutambudzika kwemunhu, kunze kwokunge kuri kworufu; nokuti tarisai, ^dropa richabuda neburi rose riri paganda, ^ekurwadziwa kwavo kuchave kukuru pamusana pokuipa kwavanhu vavo.

8 Uye vachadaidzwa kunzi “Jesu Kristu, ^bMwanakomana waMwari, ^cBaba vekudenga nenyika, Musiki vezvinhu zvose kubvira pakutanga; uye ^damai vake vachadaidzwa kunzi ^eMaria.

3 2a NKM Ngirozi.

3a Ruka 2:10–11.

5a NKM Jehova.

b Mosaya 7:27;

Aruma 7:9–13.

c Mat. 4:23–24;

Mabasa 2:22;

1 Ni. 11:31.

NKM Chishamiso.

6a Marko 1:32–34.

7a NKM Chiedzo.

b Mat. 4:1–2.

c D&Z 19:15–18.

d Ruka 22:44.

e Isa. 53:4–5.

8a NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari—

Mwari Mwanakomana.

b Aruma 7:10.

c Hir. 14:12; 3 Ni. 9:15.

d Mat. 1:16;

1 Ni. 11:14–21.

e NKM Maria, Amai

vaJesu.

9 Uye tarisai, achauya kune vekwake, kuti “ruponeso rwu- uye kuvana vavanhu uye kana ^bnomukutenda muzita rake, uye kana shure kwezvinhu zvose izvi vachamuona somunhu, voti ana ‘dhiabhorosi, ^dvachamurova, ^evogomurovera pamuchinjikwa.

10 Uye “achamuka nezuva ^brechitatu kubva mukufa; uye tarisai, achamira kuti ‘atonge nyika; uye tarisai, zvinhu zvose izvi zvichaitika kuti kutongwa kutsvene kugovapo kuvana vavanhu.

11 Nokuti tarisai, “ropa rake ^brichabvisa zvivi zveavo ‘vaka- punzika nokutadza kwaAdama, avo vakafa vasingazivi chido chaMwari pamusoro pavo, kana kuti avo vakatadza ^dnokusaziva.

12 Asi, nhamo, nedambudziko, kune uyo anoziva kuti ari “kupandukira Mwari! Nokuti ruponeso haruuye kumunhu akadaro kunze kwokunge atendeuka nokutenda ^bmunalsheshe Jesu Kristu.

13 Uye Ishe Mwari vakatuma vaporofita vake vatsvene pakati pavana vavanhu, kuti vataure zvinhu izvi kumarudzi ose,

nyika, norurimi rwose, kuti kuna avo vanotenda kuti Kristu achauya, ivavo “vacharegererwa zvivi zvavo, vagofara zvikuru, ^bsekunge atouya pakati pavo nechakare.

14 Asi Ishe Mwari vakaona kuti vanhu vavo vakanga vari vanhu vakaoma mitsipa, vakavapa mutemo, “mutemo waMosesi.

15 Uye vakaratidza kwavari zviratidzo zvakawanda, neminana, “nezvakasiyana, nemifanidzo, maererano nokuuya kwake; kana vaporofita vatsvene vakataura kwavari pamusana pokuuya kwake; asi zvakadaro vakaomesa mwoyo yavo, vasinganzwisise kuti ^bmutemo waMosesi haureve chinhu kana pasina kudzikinurwa neropa rake.

16 Uye kana dai zvaibvira kuti “vana vaduku vatadze havai- kwanisa kuponeswa; asi ndinoti kwamuri ^bvakakomborerwa; nokuti tarisai, semunaAdama, kana kuti namasikirwo, vano- putsika, zvakadaro ropa ra- Kristu rinoripira zvivi zvavo.

17 Uye zvakare, ndinoti kwa- muri, “hapana rimwe zita ri- chapiwa kana imwe nzira kana zano ringaunza ^bruponeso ku-

9a NKM Ruponeso.
 b NKM Rutendo.
 c Joh. 8:48.
 d Marko 15:15.
 e Ruka 18:33;
 1 Ni. 19:10;
 2 Ni. 10:3.
 NKM Kuroverwa.
 10a NKM Kumuka
 Kuvakafa.
 b Mat. 16:21;
 2 Ni. 25:13;
 Hir. 14:20-27.

c NKM Kutonga.
 11a NKM Ropa.
 b NKM Dzikinura.
 c NKM Kupunzika
 kwaAdama naEva.
 d 2 Ni. 9:25-26.
 12a Mosaya 2:36-38;
 Hir. 8:25.
 NKM Hupanduki.
 b NKM Ishe.
 13a NKM Kuregererwa
 kweZvitadzo.
 b 2 Ni. 25:24-27;

Jar. 1:11.
 14a NKM Mutemo
 waMosesi.
 15a NKM Jesu Kristu—
 Marudzi kana
 mucherechedzo
 waKristu.
 b Mosaya 13:27-32.
 16a NKM Vana.
 b Moro. 8:8-9.
 17a Mabasa 4:10-12;
 2 Ni. 31:21.
 b NKM Ruponeso.

vana vavanhu, asi nezita chete
‘raKristu, Ishe Samasimba.

18 Nokuti tarisai vanotonga,
uye kutonga kwake kwakarurama,
uye; mucheche haaparadzwe
anofa ari mucheche; asi vanhu
vanozvinwira kutongwa kumweya
yavo kunze kwokunge vazvinipisa
pachavo “vakava savana vaduku,
nokutenda kuti ruponeso rwakanga
rwuri, uye rwuri, uye kuti rwuchauya,
kuburikidza neropa^b rerudzikinuro
rwaKristu, Ishe Samasimba.

19 Nokuti munhu “wenyama
imhandu yaMwari, uye abvira
akadaro kubva^b pakupunzika
kwaAdama, uye achazova
akadaro, nokusingaperi, kunze
kwokuti ‘azviisa mukunyengedza
“kweMweya Mutsvene, obvisa
munhu wenyama achizova
“mutsvene kuburikidza norudzikinuro
rwaKristu Ishe, wozova^f somwana,
anozviisa, anozvinipisa, munyoro,
ane mwoyo murefu akazara norudo,
anozviisa pasi pezvinhu zvose
izvo Ishe anoona kuti zvakafanira
kumutakurisa, kana somwana
anozviisa pasi pababa vake.

20 Uye zvakare, ndinoti kwamuri,
nguva ichasvika apo “ruzivo
rwoMuponesi rwuchapararira
kunyika^b dzose, nenduzi dzose,
nendimi navanhu.

21 Uye tarisai, kana nguva iyi

yasvika, hapana achaonekwa
“asina mhaka pamberi paMwari,
kunze kwavana vaduku chete,
kunze kwokutendeuka nokutenda
muzita raIshe Mwari Samasimba.

22 Uye kana panguva iyoyo,
kana uchinge wadzidzisa vanhu
vako zvinhu izvo Ishe Mwari
zvavakakuraira, kana zvakadaro
havangazoonekwi vane mhaka
kana chimwe zvacho pamberi
paMwari, chete kuburikidza
namazwi andakataura kwauri.

23 Uye zvino ndataura mazwi
ayo Ishe Mwari avakandiraira.

24 Uye izvi ndizvo zvinotaurwa
naIshe: Vachamira seuchapupu
hunopenya pamusana pevanhu
ava, pazuva rokutongwa;
naizvozvo vachatongwa,
munhu wose namabasa ake,
chero dai anga akanaka, kana
dai anga akaipa.

25 Uye kana vakaipa “vacharatidzwa
mhosva dzavo nekuipa kwavo,
zvinoita kuti vazvipete nenyadzi
kumira pamberi paIshe kupinda
munguva^b yokutambudzika
nokurwadziswa uku kusingaperi,
kusingadzokwe; naizvozvo
vazvinwira kuraswa pamweya
yavo.

26 Naizvozvo, vanwa kubva
mumukombe wokutsamwa
kwaMwari, kutonga kwakanaka
hakuna kugona kuvanunura
sekutadza kununura kwakwa-

17c NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

18a Mat. 18:3.

^b Mosaya 4:2; Hir. 5:9.

19a I VaKori. 2:11–14;

Mosaya 16:2–3.

NKM Munhu

weNyama.

^b NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.

^c II Mak. 30:8.

^d Moro. 10:4–5.

NKM Mweya
Mutsvene.

^e NKM Mutendi.

^f 3 Ni. 9:22.

20a D&Z 3:16.

^b NKM Basa
reKushumira.

21a NKM Kudavira.

25a Aruma 5:18; 12:14–15.

^b Morm. 8:38.

kaita “Adama adya ^bmuchero wairambidzwa; naizvozvo, “tsitsi hadzaizove pavari nokusingaperi.

27 Uye “kutambudzika kwavo kwakada kuita ^bsedziva remoto nesuriferi une rimi guru, une rimi racho risingadzime, utsi hwacho hwunokwira kudenga nokusingaperi. Izvi ndizvo zvandakarairwa naIshe. Amen.

CHITSAUKO 4

Mambo Benjamini vanoenderera mberi nokutaura kwavo—Ruponeso rwunouya noRudzikinuro—Tendai munaMwari kuti mugopeneswa—Chengetedzai ruregerero rwezvivi zvenyu nokutendeseka—Ipa zvimwe zvezvaunazvo kuvarombo—Ita zvinhu zvose noruzivo nokururama. Zvingangove makore 124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti apo Mambo Benjamini vakanga vapedza kutaura mazwi ayo avakanga vapiwa nengirozi yaIshe, vakatarisa kugungano revanhu, vakaona vawira pasi, nokuti vakanga vabatwa “nokutya Ishe.

2 Uye vakanga vazvitarisa “munyama nehunhu vakaona kusviba kwavo, ^bkuchidarika kwevhu repasi. Uye vakachema vose nezwi rimwechete, vachiti:

Tinzwirei tsitsi, mutiise ropa “rerudzikinuro raKristu kuti tigashire ruregerero rwezvivi zvedu, uye kuti mwoyo yedu igocheneswa; nokuti tinotenda munaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, “akasika denga nenyika, nezvinhu zvose; uyo achauya pasi pakati pavana vavanhu.

3 Uye zvakaitika kuti shure kwokunge vataura mazwi aya Mweya waIshe wakauya pavari, vakazadzwa nomufaro, “varegererwa pazvivi zvavo, vava ^bnemwoyo ine runyararo, nokuda “kwokutenda kwavo kuzere munaJesu Kristu akafanirwa kuuya, maererano namashoko akataurwa namambo Benjamini kwavari.

4 Mambo Benjamini vakazarura muromo wavo zvakare vakatangisa kutaura kwavari, vachiti: Shamwari dzangu nehama dzangu, marudzi angu navanhu vangu, ndinoda kuti munditeerere zvakare, kuti munzwe nokunzwisisa chikamu chamazwi angu asara ayo ndichataura kwamuri.

5 Nokuti tarisai, kana ruzivo rwokunaka “kwaMwari nguva ino rwakumutsai kuti muzive kuti hamusi chinhu, hamuna chamuri, muhugaro hwenyu hwekupunzika—

6 Ndinoti kwamuri, kana mauya “muruzivo rwekunaka

26a Morm. 9:12.

b Gen. 3:1-12;

2 Ni. 2:15-19;

Aruma 12:21-23.

c NKM Anetsitsi.

27a NKM Mhosva, Kuva ne.

b 2 Ni. 9:16; Jak. 6:10;

D&Z 76:36.

4 1a NKM Kutya.

2a NKM Zvenyama.

b Hir. 12:7-8.

c Mosaya 3:18;

Hir. 5:9.

d NKM Sika.

3a NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

b NKM Hana.

c NKM Rutendo.

5a Mos. 1:10.

6a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

kwaMwari, nesimba ravo risingafananidzwe, nounngwaru hwavo, nomwoyo wavo murefu, nokutambudzika kwavo kwenguva huru vachitambudzikira vana vevanhu; uyezve, ^bnorudzikinuro rwakagadzirirwa kubvira ‘pahwaro hwenyika, kuti ruponeso nenzira iyoyo rwugouya kune uyo anenge aisa ^d‘ruvimbo rwake munaIshe, akasimba mukuchengeta mirairo yavo, achiramba ari mukute-nda kusvikira kana pakuguma kwoupenyu hwake, ndinoreva upenyu hwomuviri uofa —

7 Ndinoti, kuti uyu ndiye munhu anogamuchira ruponeso, kuburikidza norudzikinuro urwo rwakagadzirirwa vanhu vose kubvira pahwaro hwenyika, avo vose vakavepo kubvira ^a‘kuputsika kwaAdama, kana vari, kana avo vachazova saizvozvo, kana kusvika mukupera kwenyika.

8 Uye iyi ndiyo nzira inouya noruponeso. Uye ^a‘hakuna ru-mwe ruponeso kunze kwourwu rwakataurwa; uye hakuna imwe nzira iyo vanhu vangaponeswa nayo kunze kwenzira yandakakuudza.

9 Tendai munaMwari; tendai kuti ndivo, uye kuti ndivo vakasika zvinhu zvose, uye zvirimudenga nepasi; tendai kuti

vane ^a‘ruzivo rwose, nesimba rose, kwose kudenga nepasi, tendai kuti munhu haakwanisi ^b‘kunzwisisa zvinhu zvose izvo zvinonzwisiswa naIshe.

10 Uyezve, zvino tendai, kuti munofanira ^a‘kutendeuka kubva pazvivi zvenyu mugobvama-zvirasa chose, mugozvininipisa pamberi paMwari; muchikumbira nomwoyo wose kuti ^b‘akuregererei; zvino, kana muchinge ^c‘matenda pazvinhu zvose izvi moona kuti ^d‘mazviita.

11 Uyezve ndinoti kwamuri sokutaura kwandamboita, sezvo mava kuziva kubwinya kwaMwari, kana kuti mava kuziva kunaka kwavo ^a‘maraira rudo rwavo, nokugamuchira ^b‘kuregererwa kwezvivi zvenyu, izvo zvinokonzera rufaro rwukuru mumwoyo yenyu, kunyange zvakadaro ndinoda kuti muyeuke, mugare muchiziva, hukuru hwaMwari, ^c‘nokusava chinhu kwenyu, ^d‘nokunaka kwake nokugara achitambudzikira imi, musingakodzeri, ^e‘muchizvininipisa zvakadzama, ^f‘muchidaidza zita ralshe zuva nezuva, muchimira murutendo rwezvichauya, urwo rwakataurwa nomuromo womutumwa.

12 Uye tarisai, ndinoti kwamuri kana muchinge maita izvi muchafara nguva dzose, mugo-

6b NKM Dzikinura.

c Mosaya 15:19.

d Mpi. 36:7; 2 Ni. 22:2;

Hir. 12:1.

NKM Vimba.

7a NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

8a Mabasa 4:12;

2 Ni. 31:21;

Mosaya 3:17.

9a VaR. 11:33–34;

Jak. 4:8–13.

b Isa. 55:9.

10a NKM Rutendeuko.

b D&Z 61:2.

c Mat. 7:24–27.

d 2 Ni. 31:19–21.

11a Aruma 36:24–26.

b NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

c Mos. 1:10.

d Eks. 34:6; Moro. 8:3.

e NKM Akazvininipisa.

f NKM Munamoto.

zadzwa “norudo rwaMwari, mugogara ^bmuchiwana kuregererwa kwezvivi zvenyu; uye muchakura muruzivo rwoutsvene rwaivo vakakusikai, kana kuti muruzivo rwaivo vakarurama vane chokwadi.

13 Uye hamuzova nepfungwa dzokukuvadzana, asi kugara “murunyararo, nokupa kumunhu wose izvo zvose zvinenge zvirivake.

14 Uye hamuzoita kuti “vana venyu vagare nenzara, kana kusasimira; kana kuvabvumira kuti vatadze kuchengeta mitemo yaMwari, ^bkurwa nokupopotedzana nevamwe, vachishandira dhiabhorosi, baba vezvivi, kana kuti mweya wakaipa uyo waitaurwa namadzibaba edu, ari iye mhandu yezvose zvakarurama.

15 Asi “muchavadzidzisa ^bkufamba munzira yechokwadi isina udhakwa, munovadzidzisa kuti “vadanane, nokushandirana.

16 Uye zvakare, “muchayamura avo vanoda ruyamuro rwenyu; muchapa zvamuinazvo kune avo vanoda rubatsiro; hamuzobvumira kuti kana ^banopemha atambanudza ruoko rwake imi momunyima, momuti aende anofa.

17 Zvimwe “muchati: Munhu azviunzira ega kutambudzika kwake; saka handitambanudze ruoko rwangu, uye handimupe

zvokudya zvangu, kana kumupa zvangu zvandiinazvo kuti asatambudzike, nokuti kurangwa kwake kwakarurama—

18 Asi ndinoti kwamuri, iwe munhu, wose anoita izvi ane chikonzero chikuru chekuti atendeuke; uye kunze kwekunge atendeuka pane zvaanenge aita iye achazofa zvachose, haazove nechokuita nezveumambo hwaMwari.

19 Nokuti tarisai tose hatisi vapemhi here? Ko tose hatiraramo noMunhu mumwechete iyeye, kana Mwari, pane zvinhu zvose zvatiinazvo, zvose zvokudya nezvokupfeka, negoridhe, nesirivha nazvose zvoupfumi hwose hwose hwatiinahwo?

20 Uye tarisai; kunyange panguva ino, manga muchidaidza zita ravo, muchikumbira kuti muregererwe zvivi zvenyu. Ko vakabvumira here kuti mukumbire pasina? Kwete; vadurura Mweya wavo pamuri, vakaita kuti mwoyo yenyu izadzwe “norufaro, vakaita kuti miromo yenyu itadze kutaura, kufara kwenyu kukava kukurusa.

21 Uye zvino, kana Mwari, avo vakasika imi, vanokupai upenyu nezvose zvamunazvo nezvamuri, vanokupai zvose zvamunokumbira kana zvirivakarurama, mukutenda, muchitenda kuti muchagamuchira,

12a NKM Rudo.

b Mosaya 4:26;
Aruma 4:13–14;
5:26–35;
D&Z 20:31–34.

13a NKM Muyananisi.

14a I Tim. 5:8; D&Z 83:4.

b NKM Gakava.

15a D&Z 68:25–28;
Mos. 6:58.
NKM Dzidzisa.

b NKM Famba, Famba naMwari.

c Mosaya 18:21.

16a NKM Rudo

Rwakadzama;
Rubatsiro.

b Deut. 15:7–11;
Zir. 21:13; Isa. 10:1–2.

17a Zir. 17:5.

20a NKM Rufaro.

ko zvino, munotadza “kupanana sei zvamunazvo.

22 Uye kana “muchitonga munhu anenge aisa chichemo chake kwamuri kuti asafe, momurasa, ko kuraswa kwako kunozova sei kana iwe ^buchirambira zvinhu zvako, zvisiri zvako asi zvaMwari, vanove ndivo muridzi weupenyu hwako; asika hamukumbire, kana kute ndeuka pakutadza kwamaita.

23 Ndinoti kwamuri, nhamo kumunhu uyu, nokuti zvinhu zvake zvinoparara naye; uye zvino, ndinotaura izvi kune avo “vakapfuma muzvinhu zvenyika ino.

24 Uyezve, ndinoti kuvarombo, imi musina asi muine zvakakwana, zvinokuraramisai zuva nezuva; ndinoreva mose munonyima mupemhi, muchiti hamuna; ndingade kuti muti mumwoyo yenyu: handikwanise kupa nokuti handina, dai ndiinazvo “ndaipa.

25 Uye zvino, kana mukataura izvi mumwoyo yenyu hamupiwe mhosva, pasina izvozvo “mucharaswa; kurambwa kwenyu kunofanira nokuti munochiva zvamusina kutambira.

26 Uye zvino, pamusana pezvinhu izvi zvandataura kwamuri—zviri, zvepamusoro pezvokuti murambe makaregererwa zvivi zvenyu zuva nezuva,

kuti “mufambe musina mhosva pamberi paMwari—ndingade kuti ^bmupe “kuvarombo zvimwe zvezvamuinazvo, munhu wose maererano nezvaanenge anazvo, “sekupa vane nzara, kupfekedza vasina kusimira, kushanyira vanorwara noku vanamatira kuti vabatsirwe, pamweya napanyama, maererano nezvavanenge vachida.

27 Uye muone kuti zvinhu zvose izvi zvaitwa munzira kwayo noruzivo; nokuti hazvibvumirwe kuti munhu amhanye “kudarika simba raanaro. Uyezve, zvinoda kuti ave nesimba, kuti ave anowana mbairo; naizvozvo, zvinhu zvose zvinofanirwa kuitwa nomazvo.

28 Uye ndinoda kuti murangarire, kuti uyo wose anenge akumbira chinhu kune muvakidzani wake anofanirwa kudzora chinhu ichocho, mukuwirirana; kana kuti uchazoita chivi; kana kuti uchaita kuti muvakidzani wako aitewo chivi.

29 Uye mukupedzisa, handingakwanisi kukutaurirai zvinhu zvose zvinoita kuti mutadze; nokuti kune nzira dzakawanda dzakasiyana-siyana, dzakawanda zvokuti handikwanise kudziverenga.

30 Asi izvi ndinokutaurirai, kuti kana “mukasazvichenjerera, ^bnepfungwa dzenyu, “nemazwi

21a NKM Rubatsiro; Ruyamuro.

22a Mat. 7:1–2; Joh. 7:24.
b I Joh. 3:17.

23a D&Z 56:16.

24a Marko 12:44.

25a D&Z 56:17.

26a NKM Famba, Famba naMwari.

b Jak. 2:17–19.

c Zek. 7:10; Aruma 1:27.

NKM Kupa zvipo.

d Isa. 58:10–11;

D&Z 104:17–18.

27a D&Z 10:4.

30a Aruma 12:14.

NKM Murindiri.

b Marko 7:18–23.

NKM Kufunga.

c Mat. 15:18–20.

NKM Kusvibisa.

enyu, nekuita kwenyu, noku-chengetedza mirairo yaMwari, muchiramba muri mukutenda pamusana pezvinhu zvamakanzwa pamusoro pokuuya kwaIshe wedu, kusvikira kumagumo eupenyu hwenyu, munofanirwa kufa. Uye zvino, vanhu, yeukai, musazofa.

CHITSAUKO 5

Vatendi vanova vanakomana navanasikana vaKristu kuburikidza nokutenda—Zvino vanoshevedzwa nezita raKristu—Mambo Benjamin anovakurudzira kuti vave vakasimba uye vasingazungunuke mumabasa akanaka. Zvingangove makore 124 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, apo mambo Benjamin pavakanga vataura kuvanhu vavo, vakatumira mavari, vachida kuziva vanhu vavo kuti vakanga vachitenda here mashoko avakange vataura kwavari.

2 Uye vose vakadaira nezwi rimwechete, vachiti: Hongu, tinotenda mashoko ose amaturura kwatiri; uye zvakare, tinoziva nechokwadi nokuvimbisika kwawo, nokuda kwoMweya waIshe Unemasimba, uyo wakaunza ^arushanduko rwukuru matiri, kana kuti mumwoyo yedu, zvekuti hatichada kuita mabasa ^bakaipa, asi kuramba tichiita mabasa akanaka.

3 Uye isu, pachedu, zvakare, nokunaka kusingaverengeke kwaMwari, nezvinoiswa pache-na noMweya wake, tave kuratidzwa zvichauya; uye dai zvaikodzera, taiporofita muzvinhu zvose.

4 Uye kutendeseka kwatina-ko pamusana pezvinhu zvose izvo mambo vedu zvavakataura kwatiri uko kwaunza kwatiri ruzivo rwukuru urwu, zvinove zvinhu zviri kutifadza zvikuru.

5 Uye tine chido chokupinda ^amuchibvumirano naMwari vedu kuti tiite kuda kwavo, nokuteerera mirairo yavo muzvinhu zvose zvavachatiraira, kwamazuva edu asara tiri vepenyu, kuti tisazviunzire kurwadiwa ^bkusingaperi, sokutaurwa kwaitwa ^cnengirozi, kuti tisanwire mumukombe wokushatirwa kwaMwari.

6 Uye zvino, aya ndiwo mazwi aidiwa kwavari naMambo Benjamin; naizvozvo vakati kwavari: Mataura mazwi andanga ndichida kunzwa; nechibvumirano chamaita chibvumirano chitsvene.

7 Uye zvino, nenzira yechibvumirano chamaita muchazodaidzwa kuti ^avana vaKristu, vanakomana vake, navanasikana vake; nokuti tarisai, nezuva ranhasi ^bakuberekai pamweya; nokuti munoti ^cmwoyo yenyu yashanduka kuburikidza noku-

5 2a Aruma 5:14.
 nKM Kuberekwa naMwari, Kuberekwa Patsva.
 b Aruma 19:33.

5a Mosaya 18:10.
 b Mosaya 3:25-27.
 c Mosaya 3:2.
 7a Mosaya 27:24-26;
 Mos. 6:64-68.

nKM Vanakomana neVanasikana vaMwari.
 b nKM Akaberekwa.
 c nKM Mwoyo.

tenda muzita rake; naizvozvo, ^amaberekwa naye mukava ^avanakomana navanasikana vake.

8 Uye pasi pomusoro wake ^amasunungurwa, ^bhapana mumwe musoro ungakusunungurei. Hapana rimwe ^czita rakapiwa ringaunze ruponeso; naizvozvo, ndingade kuti ^dmutakure zita raKristu pamuri, imi mose mapinda muchibvumirano naMwari kuti muchateerera kusvika kumagumo kwoupenyu hwenyu.

9 Uye zvichaitika kuti wose anoita izvi achaonekwa ari kuruoko rworudyi rwaMwari, nokuti achaziva zita iro ari kudaidzwa naro; nokuti achadaidzwa nezita raKristu.

10 Uye zvichaitika, kuti uyo asingatore zita raKristu anozofanirwa kudaidzwa ^anerimwe zita; nokudaro, anozoviona ari kuruoko ^brworuboshwe rwaMwari.

11 Uye ndinoda kuti murangarire zvakare, kuti iri ndiro ^azita randakati ndichakupai risingazodzimwa, kunze kwokunge matadza; saka, inzwai musatadze, kuti zita risabviswe mumwoyo yenyu.

12 Ndinoti kwamuri, ndinoda kuti murangarire kuti iro zita rakafanira ^akugara rakanyorwa

nguva dzose mumwoyo yenyu, kuti musaonekwe muri kuruoko rworuboshwe rwaMwari, asi kuti munzwe nokuziva izwi ramuchazodaizwa naro, uyezve, zita iro ravachakudaidzai naro.

13 Nokuti ko munhu ^aangazive sei tenzi waasina kushandira, mweni kwaari, ari kure kwepfungwa dzake nokuita kwemwoyo wake?

14 Uye zvakare, munhu anotora mbongoro yomuvakidzani wake, oichengeta here? Ndinoti kwamuri, Kwete; haaibvumire kuti ifure nezvipfuyo zvake, asi anoitinhira kunze, nokuirasira kunze. Ndinoti kwamuri, saizvozvo zvichaitika kwamuri kana musingazive zita ramunoshvedzwa naro.

15 Naizvozvo, ndinoda muve makasimba uye musingazungunuke, mugare makaputirwa namabasa akanaka, kuti Kristu, Ishe Mwari Samasimba, ^avazokusunganidzai kwavari, kuti muzounzwa kudenga, kuti muzove neruponeso rwusingaperi neupenyu hwokusingaperi, kuburikidza noruzivo, nesimba, nokururama, netsitsi dzaivo ^bvakasika zvinhu zvose, mudeंगा nepanyika, vanova Mwari pamusoro pezvose. Amen.

7d Mosaya 15:10–11.
 НКМ Kuberekwa
 naMwari,
 Kuberekwa Patsva.
 e D&Z 11:30.
 8a VaR. 6:18; VaG. 5:1;
 Hir. 14:30.
 b Mabasa 4:10, 12;
 Aruma 21:9.

c Mosaya 26:18.
 d Mabasa 11:26;
 Aruma 46:15.
 10a Aruma 5:38–39.
 b Mat. 25:33.
 11a Mosaya 1:11–12.
 НКМ Jesu Kristu—
 Kutora Zita rajesu
 Kristu paTiri.

12a D&Z 18:23–25.
 13a Mosaya 26:24–27.
 15a НКМ Kudaidzwa
 nekuSarudzwa;
 Kutsveneswa.
 b VaKoro. 1:16;
 Mosaya 4:2;
 Aruma 11:39.

CHITSAUKO 6

Mambo Benjamini vanonyora mazita evanhu vachibva vasarudza vapirisita vekuvadzidzisa—Mosaya anotonga samambo vakarurama. Zvingangove makore 124 kusvika ku121 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, mambo Benjamini vakafunga kuti zvakafanira, mushure mekunge vapedza kutaura kuvanhu, kuti ^avatore mazita evavo vose vakanga vapinda muchibvumirano naMwari chekuchengetedza mirairo yavo.

2 Uye zvakaikita kuti kwakange kusina kana munhu mwechete, kunze kwevana vaduku, akange asina kuita chibvumirano uye vatora pavari zita raKristu.

3 Uye pakare, zvakaikita kuti pakange mambo Benjamini vapedza zvinhu zvose izvi, vakazodza mwanakomana wavo ^aMosaya kuti ave mutongi namambo wevanhu vavo, uye vamupa masimba ose maererano neumambo, uye ^bvaisa vapirisita ^cvekudzidzisa vanhu, kuti vagonzwa nekuziva mirairo yaMwari, nekuvamutsa kuti varangarire ^dmhiko yavakaita, vakavaregera kuti vaende, vakadzokera, wose munhu, mhuri nemhuri, kudzimba dzavo.

4 Uye ^aMosaya akavamba kutonga ari munzvimbo yababa vake. Uye akatanga kutonga

mugore rake rechimakumi matatu ekuberekwa, zvinoita pamwechete, zvingangosvika mazana mana emakore ane makore makumi manomwe nematanhatu kubvira ^bpanguva yakabva Rihai kuJerusarema.

5 Uye mambo Benjamini vakagara makore matatu ndokubva vafa.

6 Uye zvakaikita kuti mambo Mosaya vakafamba nemunzira dzaIshe, vachitevedza kutonga kwavo nemitemo yavo, uye vachichengetedza mirairo yavo muzvinhu zvose zvavaiudzwa.

7 Uye mambo Mosaya vakaita kuti vanhu vavo varime minda. Uye naivowo, pachavo, vakarima, kuti ^avasave mutoro kuvanhu vavo, kuti vaite sezvaiita baba vavo muzvinhu zvose. Uye hakuna kumbove nekunetsana mukati mevanhu vavo kwenguva yemakore matatu.

CHITSAUKO 7

Amoni anowana nyika yaRihai-Nifai, umo Rimuhai aive mambo—Vanhu vaRimuhai inhapwa dzema-Ramani—Rimuhai anotaura rungano rwavo—Muporofita (Abhinadhai) akanga apupura kuti Kristu ndiMwari naBaba wezvinhu zvose—Avo vanodyara tsvina vanokohwa chinyamupupuri, uye avo vanoisa ruvimbo rwavo munaIshe vachaponeswa. Zvingangove makore 121 Kristu asati azvarwa.

6 1a D&Z 128:8.

3a Mosaya 1:10; 2:30.

b NKM Gadza.

c Aruma 4:7.

d Mosaya 5:5-7.

4a NKM Mosaya,
Mwanakomana
waBenjamini.

b 1 Ni. 1:4.

7a II VaKori. 11:9.

UYE zvino, zvakaitika kuti mu-shure mekunge mambo Mosaya vatonga murunyararo kwemakore matatu, vakada kuziva maererano nevanhu “vakaenda kunogara munyika yaRihai-Nifai; kana muguta raRihai-Nifai nokuti vanhu vavo havana chavakanga vanzwa kubva kuvanhu ava kubvira panguva yavakabva munyika ^byeZarahemura; nokudaro, vaivanetsa nekubvunza kwavo.

2 Uye zvakaitika kuti mambo Mosaya vakabvuma kuti gumi nevanhanzvi revarume vavo vakasimba vangaende kunyika yaRihai-Nifai, kuti vanonzwa nezvehama dzavo.

3 Uye zvakaitika kuti mangwana acho vakatanga kuenda, vaine mumwe ainzi Amoni, iye ari murume akasimba anotywa, uye ari wechizvarwa chaZarahemura; uye akange ari mutungamiri wavowo.

4 Uye zvino, vakange vasingazive gwara ravaifanira kufambanaro murenje kuti vakwire kunyika yaRihai-Nifai; saka vakatumhudzika kwemazuva mazhinji murenje, kana makumi mana emazuva vachingotumhudzika.

5 Uye zvavakanga vatumhudzika kwemakumi mana emazuva vakasvika pachikomo, chiri kuchamhembe kwenyika “yeShiromu, ndokubva vadzika matende avo ipapo.

6 Uye Amoni akatora vatatu vehama dzake, uye mazita avo aiva Amarekai, Heremi,

naHemu, ndokubva vadzika munyika “yaNifai.

7 Uye tarisai, vakasangana namambo vevanhu vaive munyika yaNifai, nemunyika yeShiromu; uye vakabva vakombwa nemapurisa amambo, vakatorwa, vakasungwa, uye vakaiswa mutirongo.

8 Uye zvakaitika kuti vagara mutirongo kwemazuva maviri vakaunzwa zvakare pamberi pamambo, uye majoto avo akasunungurwa; uye vakamira pamberi pamambo, vakabvumirwa, kana kuti vakaudzwa, kuti vakafanira kupindura mibvunzo yavaizovabvunza.

9 Uye akati kwavari: Tarisai, ndini “Rimuhai, mwanakomana waNoa, akange ari mwana waZenifi, akabva munyika yeZarahemura kuzogara nhaka yenyika ino, yakange iri nyika yemadzibaba avo, ndikaitwa mambo nezwi revanhu.

10 Uye zvino, ndinoda kuziva chikonzero chaita kuti musatye kusvika pedyo nerusvingo rweguta, zvandange ini pachangu, ndiine mapurisa angu tiri kunze kwesuo?

11 Uye zvino, nechikonzero ichocho ndabvumidza kuti muchengetwe, kuti ndigokubvunzai, nokuti ndingadai ndangoti mapurisa angu akuurayei. Munobvumirwa kutaura.

12 Uye zvino, Amoni paakaona kuti ari kubvumirwa kutaura, akaenda pamberi pamambo akakotamisa musoro wake kukudzwa mambo; uye achisimudza

musoro akati kuna mambo: Imi mambo, ndinotenda kwa-zvo pamberi paMwari nhasi uno kuti ndichiri mupenyu, uye ndichibvumirwa kutaura; uye ndichaedza kutaura ndisingatye;

13 Nokuti ndine chokwadi chekuti dai mange mandiziva mungadai musina kubvumira kuti ndipfekedzwe majoto andiinawo aya. Nokuti ndini Amoni, uye ndiri chizvarwa “cheZarahemura, uye tabva kunyika yeZarahemura kuti tizonzwa nezvehama dzedu, avo vakatorwa naZenifi achiuya navo kuno.

14 Uye zvino, zvakaitika kuti mushure mekunge Rimuhai anzwa mazwi aya aAmoni, akafara zvikuru, akabva ati: Zvino, ndinoziva zvechokwadi kuti hama dzangu dziri munyika yeZarahemura dzichiri mhenyu. Uye zvino, ndichafara; uye mangwana ndichaita kuti nevanhu vangu vafarewo.

15 Nokuti tarisai, takasungwa namaRamani, uye tiri “kutere-swa mutero unorema kuutakura. Uye zvino tarisai, hama dzedu dzichatibvisa muusungwa hwe-du, kana kutibvisa mumaoko emaRamani, uye tonove nhapwa dzavo; nokuti zviru nani kuti tive nhapwa kumaNifai pane kuti titere kuna mambo vemaRamani.

16 Uye zvino, Rimuhai akati kumapurisa vake vasunungure Amoni nehama dzake, asi akaita kuti vaende kugomo raive

kuchamhembe kweShiromu, vanouya nehama dzavo kuguta, kuti vazodya, nekunwa, nokuti vazorore mukuneta nenzira yerwendo rwavo; nokuti vakange vanetswa nezvinhu zvizhinji; nokuti vakanga vanetswa nenzara, nyota, nekuneta.

17 Uye zvino, zvakaitika kuti ave mangwana mambo Rimuhai vakatumira shoko kuvanhu vavo vose, vachiti vaungane pamwechete “kutemberi, kuti vanzwe mazwi avaida kutaura kwavari.

18 Uye zvakaitika kuti pava-kanga vaunganidzana pamwechete vakataura kwavari netsika iyi, vachiti: Imi vanhu vangu, simudzai misoro yenyu munyaradzwe; nokuti tarisai, nguva yave pedyo, kana kuti haisisiri kure, yekuti tichirega kuve pasi pevavengi vedu, kana dai zva-zvo tiri kutambudzika zvizhinji, kutambudzikira pasina; asi ndinovimba kuti pachine kutambudzika kune mano kwatakafanira kuita.

19 Naizvozvo, simudzai misoro yenyu, uye mufare, uye muisse ruvimbo rwenyu “muna-Mwari, munaMwari ivavo vaive Mwari vaAbrahama, naIsaka, naJakobo; uyezve, ivo Mwari vaya ^bvakaburitsa vana vaIsraeri munyika yeEgipita, uye vakaita kuti vayambuke Gungwa Dzvuku nepakaoma pakukutu, uye vakavapa ^cmana kuti vasafe murenje; nezvimwe zvinhu zvizhinji zvavakavaitira.

13a Omu. 1:12–15.

15a Mosaya 19:15.

17a 2 Ni. 5:16.

19a Eks. 3:6; 1 Ni. 19:10.

^b Eks. 12:40–41;

Aruma 36:28.

^c Eks. 16:15, 35;

Num. 11:7–8;

Josh. 5:12.

20 Uye zvakare, ivo Mwari va-mwechetevo “vakabvisa madzibaba edu munyika yeJerusarema, uye vakachengeta nokuchengetedza vanhu kana kusvika zvino; uye tarisai, pamusana pekutadza kwedu nokuipa kwedu kwaita kuti vatiise muusungwa.

21 Uye mose imi muri vapupuri nhasi uno, kuti Zenifi, akaitwa mambo wevanhu vano, iye akanga “achishingairira kugara nhaka yenyika yemadzibaba ake, saka nokunyengedzwa neungwaru hwamambo Ramani, avo vakaita chibvumirano namambo Zenifi, uye vachinge vaisa mumaoko avo zvinhu zvaive muchidimbu chenyika, kana neguta raRihai-Nifai, uye guta reShiromu; nematunhu akakomberedza —

22 Uye vakaita zvose izvi, kuti “vaunze vanhu ava pasi kana kuti muusungwa. Uye tarisai, iye zvino tinotera kuna mambo wemaRamani, zvinoita chikamu chepakati chechibage chedu, nebari yedu, uye kana zvose zvatinokohwa zveamarudzi ose, uye chikamu chepakati cheuwandu hwematanga edu; uye kana chikamu chepakati chezvinhu zvatiinazvo zvedu mambo wemaRamani vanozvida kwatiri, kana upenyu hwedu.

23 Uye zvino, izvi hazvisuwise here kuzvitakura? Uye uku, kutambudzwa kwedu, hakusi kukuru here? Zvino tarisai, kukura kwakaita chikonzero chedu chekuchema.

24 Hongu, ndinoti zvikuru zvikonzero zvinoita kuti ticheme; nokuti tarisai vangani vehama dzedu vakauraiwa, uye ropa ravo rikadeurwa pasina, uye zvose izvi zvichikonzerwa nekutadza.

25 Nokuti dai vanhu ava pasina kuwira mukutadza Ishe vangadai vasina kubvumira kuti kuipa kukuru uku kuuye pavari. Asi tarisai, havana kuda kuteerera kumazwi avo; asi pakamuka kusawirirana pakati pavo, zvekuti vakaurayana vakadeura ropa pakati pavo pachavo.

26 Uye vakauraya “muporofita walshe; hongu, munhu akasarudzwa naMwari, akavaudza kutadza kwavo nokuipa kwavo, uye akaporofita zvinhu zvizhinji zvakange zvichiuya, hongu, kana nekuuya kwaKristu.

27 Uye nokuti akati kwavari Kristu ndiye “Mwari, Baba vezvinhu zvose, uye akati achatora mufananidzo wemunhu, uye uri ^bmufananidzo uyo wakasikwa nawo munhu pakutanga kana kuti nemamwe mazwi, akati munhu akasikwa nemufananidzo “waMwari, nokuti Mwari vachauya pano pasi pakati pevana vevanhu, uye vagove nemuviri wenyama nepropa, uye vagofamba pamusoro penyika —

28 Uye zvino, nenzira yokuti akataura izvi, vakamuuraya; uye vakaita zvimwe zvizhinji zvakaita kuti Mwari vavaratidze

20a 1 Ni. 2:1–4.

21a Mosaya 9:1–3.

22a Mosaya 10:18.

26a Mosaya 17:12–20.

27a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

b Gen. 1:26–28;

Eta 3:14–17;

D&Z 20:17–18.

c Mosaya 13:33–34;
15:1–4.

hasha dzavo. Naizvozvo, ndiani anoshamiswa kuti vanhu ava vari muusungwa, nokuti vakarohwa neshamhu yekutamudzika kukuru?

29 Nokuti tarisai, Ishe vakati: “Handizoyamura vanhu vangu muzuva rekutadza kwavo; asi ndinodziva nzira dzavo kuti vatadze kubudirira; uye kuita kwavo kuchave zvimhingamupinyi pamberi pavo.

30 Uye, vakati zvakare: Kana vanhu vangu vakadyara “tsvina vachakohwa hundi muchamupupuri; uye ipapo pachabuda chepfu.

31 Uye, vakati zvakare: Kana vanhu vangu vakadyara tsvina vachakohwa mhupo “yekumbvazuva, inouya nokuparadza pakarepo.

32 Uye zvino, tarisai, zvakavimbiswa naIshe zvazadzikiswa, uye marohwa uye matambudzwa.

33 Asi “mukatendeukira kuna Ishe nemwoyo izere, uye mukaisa ruvimbo rwenyu mavari, uye mugomushandira nesimba repfungwa dzenyu dzose, mukaita izvi, maererano nekuda kwavo nokufadzwa kwavo, vanokubvisai muusungwa.

CHITSAUKO 8

Amoni anodzidzisa vanhu vaRimuhai—Anonzwa nezvemahwendefa makumi maviri ane mahwendefa mana emaJaredhi—Zvinyorwa

zvakare zvinogona kududzirwa nevaoni—Hakuna chipo chinokunda cheuoni. Zvingangove makore 121 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mushure mekunge mambo Rimuhai vapedza kutaura kuvanhu vavo, nokuti vakataura zvinhu zvizhinji kwavari, uye zvishoma ndizvo zvandanyora mubhukurino, vakataurira vanhu vavo zvinhu zvose maererano nehama dzavo dzakange dziri munyika yeZarahemura.

2 Uye vakaita kuti Amoni asimuke pamberi pemhomho yevanhu, uye agotaura zvose zvakange zvaitika kuhama dzavo kubvira panguva yekubuda kwaZenifi munyika kusvika panguva yaakabvawo iye munyika.

3 Uye vakavataurirawo mazwi ekupedzisira akataurwa namaambo Benjamini vachivadzidzisa, akaatsanangurira vanhu vamaambo Rimuhai, kuti vakwanise kunzwisisa ose mazwi aaitaura.

4 Uye zvakaitika kuti apedza kuita zvose izvi, mambo Rimuhai vakaparadza mhomho yevanhu, uye vakati wose munhu adzokere kumba kwake.

5 Uye zvakaitika kuti vakaita kuti mahwendefa aive “nezvinyorwa zvevanhu vavo kubvira panguva yavakabva muZarahemura, aunzwe kuna Amoni, kuti aaverenge.

6 Zvino, Amoni achangopedza kuverenga zvinyorwa, mambo

29a I Sam. 12:15;

II Mak. 24:20.

30a NKM Hutsvina.

b VaG. 6:7–8; D&Z 6:33.

NKM Mukoho.

31a Jer. 18:17;

Mosaya 12:6.

33a Morm. 9:6.

8 5a Mosaya 9–22.

vakamubvunza kuti vanzwe kuti anogona kududzira ndimi here, uye Amoni akamutaurira kuti haakwanise.

7 Uye mambo vakati kwaari: Ndasuwiswa pamusana pedambudziko revanhu vangu, ndakaita kuti makumi mana ane vanhu vatatu vevanhu vangu vaende parwendo murenje, kuti vangawane nyika yeZarahemura, kuti tigokumbira kuhama dzedu kuti dzitibvise muusunywa.

8 Uye vakarasika murenje kwemazuva mazhinji, asi vakasimba, uye vakaishaya nyika yeZarahemura asi vakadzoka kuno, mushure mekusvika kune imwe nyika yaive nehova dzemvura dzakawanda, vawana nyika yakange izere mapfupa evanhu, neemhuka, uye yakange izerewo matongo edzimba dzemarudzi ose, vawana nyika yairatidza kuti yakambogarwa nevanhu vakange vakawanda sevanhu velsraeri.

9 Uye seuchapupu hwekuti zvinhu zvavakataura ndezvechokwadi vakauya nemahwendefa “makumi maviri nemana azere nekunyorwa, uye ari egoridhe chairo.

10 Uye tarisai, zvakare, vauya “nezvidzitiro, zvikuru zvepazvipfuva uye zviri ^bzvendorira nezvemhangura, uye zvakasimba chaizvo.

11 Uye zvakare, vauya neminondo, nhava dzacho dzaora, uye mipeni yacho yakadyiwa nengura; uye hamuna ari mu-

nyika muno anogona kududzira mutauro kana zvakanyorwa pamahwendefa. Naizvozvo ndakati kwaari: Unogona kududzira here?

12 Uye ndinoti kwaari zvakare: Pane aunoziva here angadudzire? Nokuti ndinoda kuti zvinyorwa izvi zvidudzirwe muchirudzi chedu; nokuti, zvimwe, zvingatipe ruzivo rwevanhu vakasara pavanhu vakaparadzwa, kuti zvinyorwa izvi zvakabva kupi; kana, zvimwe, zvingatipe ruzivo rwevanhu ivava vakaparadzwa; uye ndinoda kuziva chikonzero chekuperadzwa kwavo.

13 Zvino Amoni akati kwaari: Ndinogona kukutaurirai nechokwadi, imi mambo, nezvemurume anokwanisa “kududzira zvinyorwa; nokuti ane pamwe paanotarisa, odudzira zvole zvinyorwa zvemazuva akare; uye chipo chinobva kuna Mwari. Uye zvinhu zvacho zvinonzi ^bzvidudziriso, uye hakuna munhu angazvitarise kunze kwekunge atumwa kuzvitarisa, nokuti angangotarisa zvaasina kufanira kutarisa akafa. Uye anenge anzi atarise mazviri kana ndiani zvake, iyeyo anonzi ‘muoni.

14 Uye tarisai, mambo wevanhu vari munyika yaZarahemura ndiye munhu akatumwa kuita zvinhu izvi, uye ndiye ane chipo chikuru ichi kubva kuna Mwari.

15 Uye mambo vakati muoni mukuru kupfuura muporofita.

9a Eta 1:1-2.
10a Eta 15:15.

b Eta 10:23.
13a Mosaya 28:10-17.

b NKM Urimi neTumimi.
c NKM Muoni.

16 Uye Amoni akati muoni mududziri uye muporofita zvakare; hakuna chipo chingapfuura ichi chingapiwe munhu, kunze kwekunge aine simba raMwari, zvisingagonekwe nemunhu; asi munhu angagona kuwana simba guru raanopiwa kubva kuna Mwari.

17 Asi muoni anogona kuziva zvinhu zvakaitika kare, uye kana zvinhu zvichauya, uye naizvozvo zvinhu zvose zvichaiswa pachena, kana, kuti, zvinhu zveruvande zvichaiswa pachena, uye zvakavanda zvichabuda pachena, uye zvinhu zvisingazivikanwe zvichaitwa kuti zvizivikanwe navo, uyezve zvinhu zvichaitwa kuti zvizivikanwe nenzira yazo zvinhu zvange zvisingazombozivikanwa.

18 Saizvozvo Mwari vakaisa nzira dzekuti munhu, pamusana perutendo, angakwanise kushanda zvishamiso zvikuru; naizvozvo anobva ave ane ruyamuro rwukuru kuvanhu vamwe vake.

19 Uye zvino, mushure mekunge Amoni apedza kutaura mazwi aya mambo akafara zvikuru, akatenda kuna Mwari, achiti: Hapana kukahadzika kuti mumahwendefa aya mune zvakavandika “zvikuru, uye zvidudziriso izvi zvakagadzirwa pasina kukahadzika kuti zvigoburitsa zvakavandika zvose kuvana vevanhu.

20 Iwo mabasa aIshe anoshamisira, uye zvichatora nguva yakadii achitambudzika nevanhu

vake; hongu, uye hwakadii upofu nokusapindika kwokunzwisisa kwevana vevanhu; nokuti havatsvake ungaru, naivowo havadi kuti vatongwe neungwaru!

21 Hongu, vakafanana nedanga rakapanduka rinotiza mufudzi, ropararira, rotinhwa, uye rodyiwa nezvikara zvemusango.

ZVINYORWA ZVAZENIFI—Nho-roondo yevanhu vekwake, kubvira panguva yavakasiya nyika yaZarahemura kusvika panguva yavakabviswa mumaoko emaRamani.

*Zvichisanganisa zvitsauko
9 kusvika ku22.*

CHITSAUKO 9

Zenifi anotungamira chikwata kubva muZarahemura kuti anotora nyika yaRihai-Nifai—Mambo wemaRamani anovabvumira kuitora—Panoita hondo pakati pemaRamani nevanhu vaZenifi. Zvingangove makore 200 kusvika ku187 Kristu asati azvarwa.

INI Zenifi, semunhu akadzidziswa mumutauro wose wemaNifai, uye ndiine ruzivo “rwenyika yaNifai, kana kuti nyika yemadzibaba edu yenhaka yavo yekutanga, uye sezvo ndakanga ndakatumba kunosora mukati memaRamani kuti ndisore mauto avo, kuti hondo yedu ivarwise ivaparadze—asi zvandakaona

zvinhu zvakanaka mavari nemukati mavo ndakada kuti vasaparadzwe.

2 Naizvozvo, ndakaitirana nharo nehama dzangu tiri murenje, nokuti ndaiti mutongi wedu aite chibvumirano navo; asi iye semunhu akange akaoma uye aine nyota yeropa akati ndiuraiwe; asi ndakaponeswa nekudeurwa kwerope rakawanda; nokuti baba akarwa nababa, uye mukoma akarwisa munin'ina, kudakara vanhu vazhinji vehondo yedu vauraiwa vaparadzwa murenje; uye tika-dzokera, isu takange tapunyuka, kunyika yeZarahemura, kunotaura rungano urwu kuvakadzi vavo nevana vavo.

3 Uye inika, nokunzwa ndichida zvikuru kutora nyika yenhaka yemadzibaba edu, ndakatora vanhu vakawanda vaida kuti titore nyika, uye ndokutanga zvakare rwendo rwekuenda murenje kuti tiende kunyika iya; asi takarohwa nenzara nematambudziko anorwadza; nokuti takanonoka kuyeuka Ishe Mwari vedu.

4 Zvisinei, mushure memazuva mazhinji tichingodzengerera tiri musango takadzika tende dzedu panzvimbo yakaurairwa hama dzedu, yakange iri pedyo nekunyika kwemadzibaba edu.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaenda zvakare muguta nevanhu vangu vana, kuna mambo, kuti ndizive nezvemagariro amambo, nokuti ndizive kuti ndingaende

here nevanhu vangu ndikatora nyika murunyararo.

6 Uye ndakaenda kuna mambo, uye akabvumirana neni kuti ndinotora nyika yaRihai-Nifai, nenyika yaShiromu.

7 Uye akatiwo kuvanhu vake ngavabve munyika iyi, uye ini nevanhu vangu tikaenda munyika iyi kuti tiitore.

8 Uye takatanga kuvaka dzimba, nekugadzirisa svingo reguta; hongu, kana nesvingo reguta raRihai-Nifai, neguta raShiromu.

9 Uye takatanga kurima minda, hongu, kana nembeu dzemarudzi akasiyana-siyana, nembeu yechibage, uye yegorosi, neyezviyo, neyeniya, neyeshumu, nembeu dzakasiyana-siyana dzemichero; uye tikatanga kuwanda tikabudirira munyika.

10 Zvino dzakange dziri njere nokunyengedza kwamambo Ramani, kuti "agopinza vanhu vangu muusungwa, zvakaita kuti abvume kutipa nyika kuti ive yedu.

11 Naizvozvo zvakaitika kuti, mushure mekunge tagara munyika umu kwegumi remakore rine makore maviri mambo Ramani akatanga kusagadzikana, ave kuti zvimwe vanhu vangu vangave nesimba munyika, uye akatya kuti havaizogona kuvakunda nokuvaisa muusungwa.

12 Zvino vakange vari vanhu vane nungo uye vanhu vanoda "zvekunamata zvifananidzo;

naizvozvo vakanga voda kutiisa muusungwa, kuti vagogarika nekushandirwa nesu nemaoko edu; hongu, kuti vaite mabiko nezvipfuwo zvemakura edu.

13 Naizvozvo zvakaitika kuti mambo Ramani akatanga kumutsa vanhu vake kuti vakakavadzane nevanhu vangu; saka kwakatanga kuve nehondo nokukakavadzana munyika.

14 Nokuti, mugore rekutonga kwangu rechigumi nemakore matatu munyika yaNifai, kure nechekumaodzanyemba kwenyika yaShiromu, vanhu vangu pavakange vachinwisa noku-fudza zvipfuyo zvavo, vachirima minda yavo, mhomho yevanhu vemaRamani yakasvika ikatanga kuvauraya, nokutora zvipfuyo zvavo, nechibage cheminda yavo.

15 Hongu, zvakaitika kuti vakatiza, vose avo vasina kusvikirwa, vakatizira kuguta raNifai, uye vakauya kwandiri kuti ndivadzivirire.

16 Uye zvakaitika kuti ndakavapa uta, nemiseve, neminondo, nemapanga, nenduni, nerekeni, nezvombo zveamarudzi ose ataikwanisa kuita, uye ini nevanhu vangu takaenda kuhondo kunorwisa maRamani.

17 Hongu, nesimba raIshe takaenda kuhondo kunorwisa maRamani, nokuti ini nevanhu vangu takachema zvikuru kuna Ishe kuti vatibvise mumaoko evavengi vedu, nokuti takamutswa tikabva tayeuka kuponeswa kwakaitwa madzibaba edu.

18 Uye Mwari “vakanzwa kuchema kwedu vakapindura miteuro yedu; uye tikaenda nesimba rake; hongu, takaenda kunorwisana namaRamani, uye muzuva rimwechete neusiku humwechete takauraya zviuru zvitatu zvine makumi mana ane vanhu vatatu; takavauraya kudakara tavabvisa munyika medu.

19 Uye ini, pachangu, nemaoko angu, ndakabatsira kuviga vakafa vavo. Uye tarisai, takasuwa tikachema zvikuru, nokuti pakauraiwa mazana maviri ane makumi manomwe ane vanhu vapfumbamwe vehama dzedu.

CHITSAUKO 10

Mambo Ramani anofa—Vanhu vake vanopennga uye magandanga uye vanotevedza tsika dzemanyepo—Zenifi nevanhu vake vanovakurira. Zvingangove makore 187 kusvika ku160 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti takatanga zvakare kumisa umambo uye titatanga kutora nyika murunyararo. Uye ndakaita kuti kugadzirwe zvombo zvehondo zveamarudzi ose, kuti ndive nezvombo zvevanhu kuitira nguva ichauya maRamani ave kurwisa vanhu vangu muhondo zvakare.

2 Uye ndakaisa vachengeti kukomberedza nyika yose, kuti maRamani arege kutinyangira tisingazive agotiparadza; uye

ndiko kuchengeta kwandakaita vanhu vangu nezvipfuyo zvangu, uye ndikaita kuti vasawire mumaoko evavengi vedu.

3 Uye zvakaitika kuti takagara nyika yamadzibaba edu kwe-makore mazhinji, hongu, kwe-nguva inosvika makumi maviri emakore ane makore maviri.

4 Uye ndakaita kuti varume varime minda, uye vagodyara ose marudzi “embeu nemarudzi ose emichero.

5 Uye ndakaita kuti vakadzi varuke, vashande nesimba, uye vashande, uye vaite marudzi nemarudzi “emachira, hongu, nemarudzi ose emicheka, kuti tigopfekedza kusapfeka kwedu; uye ndiko kubudirira kwatakaita munyika—ndiko kuve nerunyararo rwakaramba rwuripo kwemakumi maviri emakore ane makore maviri.

6 Uye zvakaitika kuti mambo “Ramani akafa, uye mwanakomana wake akatanga kutonga munzvimbo make. Uye akatanga kumutsa vanhu vake kuti vamukire vanhu vangu; naizvozvo vakatanga kugadzirira hondo, nokuuya kuzorwisana nevanhu vangu.

7 Asi ndakange ndiine vasori vangu vandakange ndatuma mumatunhu “eShemuroni, kuti ndione kugadzirira kwavo, kuti ndigovagadzirira, kuti vasasvike pavanhu vangu vakavaparadza.

8 Uye zvakaitika kuti vakauya

nekumusoro kuchamhembe kwenyika yeShiromu, nevarwi vakawanda, varume “vaive^b ne-uta, nemiseve, neminondo, nemipeni, nematombo, nerekeni; uye vakange vakasvuurwa misoro iri pachena; uye vakanga vakasunga bhanhire reganda muchiuno.

9 Uye zvakaitika kuti ndakaita kuti madzimai nevana vevanhu vangu vanohwandiswa murenje; uye ndikaita kuti dzose harahwa dzangu dzakange dzichikwanisa kutakura zvombo, nemajaya ose akange achikwanisa kutakura zvombo, vakafanira kuungana pamwechete kuti vagonorwisana namaRamani; uye ndakavaisa muzvikwata zvavo, wose murume maererano nezera rake.

10 Uye zvakaitika kuti takaenda kuhondo kunorwisana namaRamani; uye ini, kunyange ini, nekukwegura kwangu, ndakaenda kuhondo kunorwisana namaRamani. Uye zvakaitika kuti takaenda “nesimba ralshe kuhondo.

11 Zvino, maRamani hapana chavaiziva nezvaIshe, kana simba ralshe, naizvozvo vaivimba nesimba ravo pachavo. Asi vakange vari vanhu vane simba, sesimba remunhu wenyama.

12 Vakange vari vanhu “vanopenga, vaityisa uye vanhu vane nyota yeropa, vachitenda^b tsika dzakare dzemadzibaba avo, zviri izvi—Vachitenda kuti

10 4a Mosaya 9:9.

5a Aruma 1:29.

6a Mosaya 9:10–11; 24:3.

7a Mosaya 11:12.

8a Jar. 1:8.

b Aruma 3:4–5.

10a NKM Vimba.

12a Aruma 17:14.

b 2 Ni. 5:1–3.

vakatandaniswa munyika ye-Jerusarema pamusana pekuipa kwemadzibaba avo, nokutiwo vakatadzirwa nehama dzavo vari murenje, uye vakatadzirwawo vari mukuyambuka gungwa.

13 Uye zvakare kuti vakatadzirwa zvakavange vari munyika yenhaka yavo “yekutanga, mushure mekunge vayambuka gungwa, uye zvose zvichikonzerwa nokuti Nifai akange akavimbika kupinda ivo mukuchengetedza mirairo yaIshe—naizvozvo akange ^bachidiwanaIshe, nokuti Ishe vainzwa minamoto yake vachiipindura, uye vakatungamira rwendo rwavo vari murenje.

14 Uye hama dzake dzakashatiriswa naye nokuti vakanga “vasinganzwisise kushanda kwaIshe; ^bvakamushatirirwawo vari mumvura nokuti vakaomesa mwoyo yavo kuna Ishe.

15 Uye zvakare; vakamushatirirwa pavakange vasvika munyika yechipikirwa, nokuti vakati akatora “kutonga kwevanhu kubva mumaoko avo; uye vakatsvaka kumuuraya.

16 Uye zvakare, vakamushatirirwa nokuti akaenda murenje sekutumwa kwaakanga aitwanaIshe, uye akatora “zvinyorwa zvakanga zvakanyorwa pamahwendefa endarira nokuti vaiti akaita ^bzvekuzvipamba.

17 Uye ndiko kudzidzisa kwavakaita vana vavo kuti vakafanira kuvavenga, nokuti

vakafanira kuvaponda, nokuti vakafanira kuvapamba zvinhu nekuvaparadza, nokuita zvose zvavanogona kuti vaparadze; naizvozvo vane ruvengo rwokusingaperi kuvana vaNifai.

18 Nechikonzero ichochi mambo Ramani, nekunyengedza kwake, nekunyepa kwenjere, nokuvimbisa zvinenge zvakanaka, akandinyengedza, akaita kuti ndiuye nevanhu vangu munyika muno, kuti vazovaparadza; hongu, uye tatambudzika kwemakore ose aya munyika ino.

19 Uye zvino ini Zenifi, mushure mekunge ndataurira zvose zvinhu izvi kuvanhu vangu nezvemaRamani, ndakavamutsa kuti vaende kuhondo nesimba ravo rose, vachiisa ruvimbo rwavo munaIshe; naizvozvo, takavarwisa takatarisana navo.

20 Uye zvakaitika kuti takavabvisa zvakare munyika medu; uye tikavauraya zvikuru, zvekuti vakafa vakawanda zvekuti hatina kukwanisa kuvaverenga.

21 Uye zvakaitika kuti takadzokera zvekare kunyika yedu, uye vanhu vangu vakatangisa kuchengeta zvipfuyo zvakare, nokurima minda.

22 Uye zvino ini ndakwegura, ndakagadza umambo pane mume wevanakomana vangu; naizvozvo, hapana chandichatura. Uye Ishe vangaropafadze vanhu vangu. Amen.

13a 1 Ni. 18:23.

b 1 Ni. 17:35.

14a 1 Ni. 15:7–11.

b 1 Ni. 18:10–11.

15a 2 Ni. 5:3.

16a 2 Ni. 5:12.

b Aruma 20:10, 13.

CHITSAUKO 11

Mambo Noa anotonga nokuipa—Anofadzwa neupenyu hwemhere-mhere nevakadzi vake nepfambi dzake—Abhinadhai anoporofita kuti vanhu vachatorwa muusun-gwa—Upenyu hwake hunotsva-kwa namambo Noa. Zvingangove makore 160 kusvika ku150 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Zenifi akagadza umambo panaNoa, mumwe wevanakomana vake; naizvozvo Noa akatanga kutonga munzvimbo yake; uye akange asingafambe ari munzira yababa vake.

2 Nokuti tarisai, akange asinga-chengetedze mirairo yaMwari, asi akanga achitevedza zvino-da mwoyo wake. Uye akange aine vakadzi vakawanda “nepfambi zhinji. Uye ^bakakonzero kuti vanhu vake vaite zvitadzo, uye vachiita izvo zvakanga zvakaipa mumaziso maIshe. Hongu, uye vakaita ^cupombwe nezvinhu zvose zvakaipa.

3 Uye akaisa mutero wekuti chose chinhu chine munhu, chikamu chimwechete muzvishanu chiende kumutero, chikamu chimwechete muzvishanu zvegoridhe ravo nesirivha yavo, uye chidimu chimwechete pazvishanu ^azvezifi yavo, nemhangura yavo, nendarira nesimbi dzavo; nemhuru

dzekukodza chimwechete pazvishanu zvavo, nechidimbu chimwechete pazvishanu zvezvirimwa zvavo.

4 Uye zvose izvi akazvitora kuti azviriritire, nevakadzi vake nepfambi dzake; neva-fundisi vake, nevakadzi vavo nepfambi dzavo; ndiko kupindura kwaakange aita zvinhu zveumambo.

5 Nokuti akabvisa vose vafundisi vakange vakagadzwa nababa vake, achigadza vatsva munzvimbo dzavo, vari vanhu vakanga vachizvikudza vaive nerudado mumwoyo yavo.

6 Hongu, uye ndiko kuriritirwa nekutsigirwa kwavaitwa munungo dzavo, nemukunamata kwavo mifananidzo, nemuupombwe hwavo, nemitero yakange yaiswa namambo Noa kuvanhu vake; ndiko kushanda kwaiita vanhu zvakanyanya kutsigira zvitadzo.

7 Hongu, uye vakave vanhu vanonamata zvfananidzo, nokuti vainyengedzwa nekutaura mazwi ekubata kumeso kwaiitwa namambo nevapirisita; nokuti vaitaura mazwi ekuvabata kumeso.

8 Uye zvakaitika kuti mambo Noa akavaka dzimba dzakana-ka dzakakura, uye akadzisho-ngedza nezvivezwa zvakaitwa nemhizha, nezvinhu zvinoyev-dza zvemarudzi akasiyana-siya-na, zvegoridhe, nezvesirivha,

11 2a Jak. 3:5.
b I Madz. 14:15-16;
Mosaya 29:31.
c 2 Ni. 28:15.

3a CHIEB mazwi
anotaura
zvimwechetezvo:
chipauro,

“kupenyerera”; chiito,
“kupertira kana
kupertira nesimbi.”

nezvesimbi, nezvendarira, nezvezifi, nezvemhangura;

9 Uye akazvivakirawo zimba ramambo rakakura, uye ndokuisa chigaro chokutonga mariri, uye zvose zvakashongedzwa negoridhe nesirivha nezvimwevo zvakakosha.

10 Uye akaitawo kuti vanhu vake vashandise miti yakanaka mukati metemberi kumadziro, uye kuiswe mhangura, nendarira.

11 Uye zvigaro zvakanga zvakaisirwa vapirisita vepamusoro, izvo zvaive pamusoro pezvimwe zvigaro zvose, akazvishongedza negoridhe chaiyo; uye akaita kuti pava kwe chokuzorodzera maoko, kuti vaise maoko nemiviri yavo ivo vachirevera vanhu nhema nekutaura zvisipo kuvanhu vake.

12 Uye zvakaitika kuti akavaka “shongwe pedyo netemberi; hongu, shongwe refu kwazvo, yakareba zvekuti aiti kana amire pamusoro payo aiona nyika yeShiromu, nenyikawo yaShemuroni, yakange iri yamaRamani; uye aikwanisa kuona nematunhu ose akakomberedza.

13 Uye zvakaitika kuti akaita kuti kuvakwe dzimba dzakawanda kwazvo munyika yeShiromu; uye akaita kuti kuvakwe shongwe huru kwazvo pachikomo chiri kuchamhembe kwenyika yaShiromu, yakange iri nzvimbo yakambohwanda vana vaNifai panguva yavakatiza munyika umu; ndizvo zvaakaita

neupfumi hwaakawana nemu-tero waaiteresa vanhu vake.

14 Uye zvakaitika kuti akaisa mwoyo wake paupfumi hwake, uye akapedza nguva yake achita mhre nevakadzi vake nepfambi dzake; nemapirisita vake vaipedzawo nguva yavo yose nenzenza dzevakadzi.

15 Uye zvakaitika kuti akarima minda yemizambiringa mumatunhu ose enyika; uye akavaka nzvimbo dzekusvina waini, akaita waini yakawanda; uye naizvozvo akave “chidhakwa chewaini, nevanhu vakewo.

16 Uye zvakaitika kuti maRamani vakatanga kuuya kuvanhu vake, kuvanhu vashoma, uye vachivauraya vari muminda yavo, nekunge vachifudza zvipfuyo zvavo.

17 Uye mambo Noa akatumira mapurisa ake kuti anovatananisa, asi haana kutumira vakakwana, uye maRamani akavavinga akavauraya, uye vakatinha zvipfuyo zvavo vachizvibvisa munyika mavo vachienda nazvo; ndiko kutanga kwakaita maRamani kuva-paradza, nokuratidza ruvengo rwavo kwavari.

18 Uye zvakaitika kuti mambo Noa akatumira mauto ake kunovarwisa, uye vakakurirwa, kana kuti pamwe vaivasaidzira shure kwechinguva; naizvozvo, vaidzoka vachifara kwazvo nekukunda kwavo.

19 Uye zvino, nenzira yekukurira kwavo uku vakanzwa manyemwe nokudada mukati

memwoyo yavo; “vakazviru-
mbidza nesimba ravo, vachiti
vavo makumi mashanu anogona
kurwa nezviuru nezviuru zve-
maRamani; uye ndiko kuzviru-
mbidza kwavaiita, uye vakafa-
dzwa neropa, nokudeura ropa
rehama dzavo, uye vaiita izvi
nenzira yekuipa kwamambo
wavo nevafundisi.

20 Uye zvakaitika kuti kwaive
nemurume mukati mavo ainzi
“Abhinadhai; uye akafamba mu-
kati mavo, akatanga kuporofita
achiti: Tarisai, zviru kutaurwa
naIshe, uye ndizvo zvaanditu-
ma achiti, Enda unoti kuvanhu
ava, Ishe vari kutaura vachiti—
Nhamo kuvanhu ava, nokuti
ndaona ruvengo rwavo, neku-
ipa kwavo, neupombwe hwavo;
uye kunze kwekunge vatende-
uka ndichavashanyira ndiine
hasha.

21 Uye kunze kwekunge vate-
ndeuka vakatarisa kuna Ishe
Mwari vavo, tarisai, ndichavaisa
mumaoko evavengi vavo; hon-
gu, uye “vachaiswa muusu-
ngwa; uye vachatambudzwa
neruoko rwevavengi vavo.

22 Uye zvichaitika kuti vacha-
ziva kuti ndini Ishe Mwari vavo,
uye ndiri Mwari ane “shanje,
ndiri kuranga vanhu vangu pa-
musana pezvitadzo zvavo.

23 Uye zvichaitika kuti kunze
kwekunge vanhu ava vatendeu-
ka uye vakadzokera kuna Ishe
Mwari vavo, vachaiswa muu-

sungwa; hakuna anozovabvisa,
kunze kwaishe Samasimba
Mwari.

24 Hongu, uye zvichaitika
kuti kana vave kuchema kwan-
diri “ndichanonoka kunzwa
kuchema kwavo; hongu, uye
ndichabvumira kuti varohwe
nevavengi vavo.

25 Uye kunze kwekunge vate-
ndeuka vakapfeka masaka ne-
kuzviisa dota, uye vachichema
kuna Ishe Mwari vavo zvikuru,
“handizonzwa minamoto yavo,
kana kuvabvisa mumatambu-
dziko avo; uye ndiko kutaura
kwaishe, uye ndizvo zvavandi-
tuma.

26 Zvino zvakaitika kuti
Abhinadhai zvaakataura mazwi
aya kwavari vakamushatirirwa,
vakatsvaka kumuuraya; asi Ishe
vakamubvisa mumaoko avo.

27 Zvino mambo Noa paaka-
nzwa mazwi akange ataurwa
kuvanhu naAbhinadhai, naiye
akamushatirirwa; uye akati:
Ndiani Abhinadhai, anotonga
ini nevanhu vangu, kana ivo Ishe
“ndiani, vachaunza vanhu va-
ngu kumatambudziko makuru?

28 Ndinokutumai kuti muunze
Abhinadhai pano, kuti ndimu-
uraye, nokuti ataura zvinhu izvi
kuti vanhu vangu vashatirisane,
nokuti pave nekukakavadzana
pakati pavanhu vangu; naizvo-
zvo ndichamuuraya.

29 Zvino maziso evanhu
“akapofomadzwa; naizvozvo

19a D&Z 3:4.

NKM Kudada.

20a NKM Abhinadhai.

21a Mosaya 12:2; 20:21;

21:13-15; 23:21-23.

22a Eks. 20:5;

Deut. 6:15;

Mosaya 13:13.

24a Mika 3:4;

Mosaya 21:15.

25a Isa. 1:15; 59:2.

27a Eks. 5:2;

Mosaya 12:13.

29a Mos. 4:4.

^bvakaomesa mwoyo yavo vakasada mazwi aAbhinadhahi, uye kubvira panguva iyoyo vakatsvaka kumutora. Uye mambo Noa akaomesa mwoyo wake kumazwi aIshe, uye haana kutendeuka mukuita kwake kwakaipa.

CHITSAUKO 12

Abhinadhahi anoiswa mutirongo pamusoro pekuporofita kwake kuparadzwa kwevanhu nerufu rwamambo Noa—Vapirisita vemaneyepo vanotaura magwaro matsvene uye vachinyepera kutevedza mutemo waMosesi—Abhinadhahi anotangisa kuvadzidzisa Mirairo Ine Gumi. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaaitika kuti mushure memakore maviri Abhinadhahi akauya mukati mavo akazvishandura, zvekuti Havana kumuziva, uye ndokubva atangisa kuporofita ari mavari, achiti: Ndiko kutumwa kwandaitwa naIshe, vachiti—Abhinadhahi, enda unoporofita kuvanhu vangu ava, nokuti vaomesa mwoyo yavo kumazwi angu; Havana kutendeuka kubva mumabasa avo akaipa; naizvozvo, ^andichavashanyira muhasha dzangu, hongu, muhasha dzangu dzinotyisa ndinovashanyira mukuipa nezvitadzo zvavo.

2 Hongu, nhamo ngaive

kuchizvarwa chino! Uye Ishe vakati kwandiri: Tambanudza ruoko rwako uporofite, uchiti: Ishe vanotaura vachiti; zvichaitika kuti chizvarwa chino, pamusana pezvitadzo zvavo, vachaiswa ^amuusungwa, uye vacharohwa ^bpadama; hongu, uye vachatinhwa nevanhu, vagouraiwa; magora emumhepo, nembwa, hongu, nezvikara, zvichadya nyama yavo.

3 Uye zvichaitika kuti ^aupenyu hwamambo Noa huchatorwa kunyangwe sejira riri ^bmuchoto munopisa; nokuti achaziva kuti ndini Ishe.

4 Uye zvichaitika kuti ndicharova vanhu vangu ava nedambudziko rinorwadza, hongu, nenzara ^anezvirwere; uye ndichaita kuti ^bvawuwure muswere wose wezuva.

5 Hongu, uye ndichaita kuti vatakudzwe ^amitoro pamisana yavo; uye vagotyairwa sedhongwi risingataure.

6 Uye zvichaitika kuti ndichatumira chivhuramahwe pakati pavo, uye chichavarova; uye vacharohwawo nemhepo ^ayekumabvazuva; uye ^btwumbuyu twuchanetsa munyika mavo zvakare, twuchidya nokuparadza mbeu dzavo.

7 Uye vacharohwa nechirwere chikuru—izvi zvose ndichazvita pamusana ^apekuipa kwavo neruvengo rwavo.

8 Uye zvichaitika kuti kunze

29b Aruma 33:20; Eta 11:13.

12 1a Isa. 65:6.

2a Mosaya 11:21; 20:21; 21:13-15; 23:21-23.

b Mosaya 21:3-4.

3a Mosaya 12:10.

b Mosaya 19:20.

4a D&Z 97:26.

b Mosaya 21:9-10.

5a Mosaya 21:3.

6a Jer. 18:17;

Mosaya 7:31.

b Eks. 10:1-12.

7a D&Z 3:18.

kwekunge vatendeuka “ndicha-
vaparadza zvachose kuti vabva
vabva pachiso chenyika; asi
vachasiya ^bzvinyorwa zvavo
shure, uye ndichazvichengetera
mamwe marudzi achatora nyika
ino; hongu, ndichaita izvi kuti
ndizivise ruvengo rwevanhu
ava kune mamwe marudzi.
Uye Abhinadhai akaporofita
zvinhu zvakawanda kwazvo
kuvanhu ava.

9 Uye zvakaitika kuti vaka-
mushatirirwa; uye ndokubva
vamutora ndokumutakura va-
kamusunga ndokuenda naye
kuna mambo, ndokuti kuna
mambo: Tarisai, tauya nemu-
rume uyu kwamuri akaporofita
zvinhu zvakaitika maererano
nevanhu venyu, uye achiti
Mwari vachavaparadza.

10 Uye anoporofitawo zvakai-
pa neupenyu hwenyu, uye anoti
upenyu hwenyu huchaita sejira
riri muchoto chemoto.

11 Uye zvakare, anoti imi
muchaita seshanga, kana seshan-
ga rakaoma riri mumunda, uye
rinotyorwa nemhuka uye richi-
tsikirirwa netsoka.

12 Uye zvakare; anoti imi
muchaita seruva remuti wemu-
nzwa, rinoti, kana ranyatsosvi-
ka, kana mhupo ikavhuvhuta,
rinobva ratorwa richibva rabva
pamusoro penyika. Uye anoita
sezviri kutaurwa nalshe. Uye
anoti zvose izvi zvichaitika
kwamuri kunze kwekunge ma-
totendeuka, uye zvose zvichiko-
nzerwa nezvitadzo zvenyu.

13 Uye zvino nhai mambo,

chitadzo chikuru chamakaita
ndechei, kana zvitema zvei zvi-
kuru zvakaitwa nevanhu venyu,
zvekuti Mwari vangatirase kana
zvingaite kuti titongwe nemu-
rume uyu?

14 Uye zvino nhai mambo,
tarisai, hatina mhosva, uye
imi nhai mambo, hamuna chi-
tadzo chamakaita; saka, mu-
rume uyu anyepa maererano
nemi, uye aporofita zvisina
maturo.

15 Uye tarisai, tine simba,
hatiswe muusungwa, kana ku-
torwa senhapwa nevavengi
vedu; hongu, uye imi makabu-
dirira munyika, uye muchabu-
dirira.

16 Tarisai, houno murume
wacho, tinomuisa mumaoko
enyu: munogona kuita zvamu-
noonona zvakana kwamuri.

17 Uye zvakaitika kuti mambo
Noa akaita kuti Abhinadhai
aiswe mutirongo; uye akataura
kuti “mapirisita vaungane pa-
mwechete kuti agoita musanga-
no navo kuti aone kuti angaiti
naye.

18 Uye zvakaitika kuti vakati
kuna mambo: Muunzei kuno
kuti tigomubvunza; uye mambo
akataura kuti ngaanzwe pa-
mberi pavo.

19 Uye vakatanga kumubvu-
nza, kuti vamukanganise, kuti
zvimwe vangawane chekumu-
pomera mhosva nacho; asi
akavapindura asingatye, uye
akapindura yose mibvunzo yavo
zvavakavakona, hongu, zvaka-
vashamisa; nokuti “akavakona

pakupindura mibvunzo yavo yose, uye akavanyadzisa mumazwi avo ose.

20 Uye zvakaitika kuti mumwe wavo akati kwaari: Ko anorevei mazwi akanyorwa, uye ari akadzidziswa nemadzibaba edu, vachiti:

21 Dzakanaka “sei pagomo tsoka dzeuyo anouya nemashoko akanaka; uyo anoshevedzera runyararo; uyu anouya nemashoko akanaka ekunaka; anoshambadzira ruponeso; uyo anoti kuZioni, Mwari Vako vanotonga;

22 Vagariri vachasimudza mazwi; nezwi pamwechete vachaimba; nokuti vachawirirana kana Ishe vave kuunza zvakare Zioni;

23 Pinda mukufara iye zvino; imbai pamwechete imi nzvimbo dzisina chinhu dzeJerusarema; nokuti Ishe vanyaradza vanhu vavo, vanunura Jerusarema;

24 Ishe vaisa “ruoko rwavo rwutsvene pachena pamberi pemaziso emarudzi ose, uye ose mativi enyika achaona ruponeso rwaMwari vedu?

25 Uye zvino Abhinadhai akati kwavari: Muri “vapirisita here, uye muchinyepera kudzidzisa vanhu ava, nokunzwisisa mweya wekuporofita, uye mugoda kuziva kwandiri kuti zvinhu izvi zvinorevei?

26 Ndinoti kwamuri, nhamo kwamuri nokuti makasandurudza nzira dzaIshe! Nokuti

dai mainzwisisa zvinhu izvi hamuna kuzvidzidzisa; naizvozvo, makasandurudza nzira dzaIshe.

27 Hamuna kuisa mwoyo yenyu “mukunzwisisa; naizvozvo, hamuna kunge makaita zvakanngwara. Naizvozvo, muri kudzidzisa chii vanhu ava?

28 Uye vakati: Tinodzidzisa mutemo waMosesi

29 Uye akati kwavari zvakare: Kana muchidzidzisa “mutemo waMosesi sei musingauchengete? Sei muchiisa mwoyo yenyu kuupfumi? Sei muchiita ^bupombwe uye muchipedza simba renyu nepfambi, hongu, uye muchiita kuti vanhu ava vaite zvitadzo, zvaita kuti Ishe vawane chikonzero chekunditumira kuti ndizoporofita pamusoro pevanhu ava, hongu, kana zvaikaipa zvikuru kuvanhu ava?

30 Hamuzive here kuti ndiri kutaura chokwadi? Hongu, munoziva kuti ndiri kutaura chokwadi; uye makafanira kudedera pamberi paMwari.

31 Uye zvichaitika kuti mucharohwa pamusana pezvitema zvenyu, nokuti makati muno-dzidzisa mutemo waMosesi. Uye chii chamunoziva maererano nemutemo waMosesi? “Ko ruponeso rwunouya nemutemo waMosesi here? Munotii?

32 Uye vakapindura vakati ruponeso rwunouya nemutemo waMosesi.

33 Asi zvino Abhinadhai akati

21a Isa. 52:7–10; Nah. 1:15.

24a 1 Ni. 22:11.

25a Mosaya 11:5.

27a NKM Kunzwisisa.

29a NKM Mutemo waMosesi.

^b NKM Hupombwe.

31a Mosaya 3:15; 13:27–32; Aruma 25:16.

kwavari: Ndinoziva kuti kana mukachengeta mirairo yaMwari muchaponeswa; hongu, kana mukachengeta mirairo yakapiwa kuna Mosesi naIshe mugomo “reSinai, vachiti:

34 “Ndini Ishe Mwari wenyu, uyo bakakubvisai munyika yeEgipita, kubva mumba yeusungwa.

35 Hamuzove “nemumwe Mwari kunze kwangu.

36 Hamuzozviitira mifanandizo yezvivezwa, kana chimwe chinhu chakafanana nechiri kudenga kumusoro, kana zvinhu zviri pasi pevhu.

37 Zvino Abhinadhai akati kwavari, Makaita zvole izvi here? Ndinoti kwamuri, Kwete, hamuna kuzviita. Uye “makadzidzisa vanhu ava here kuti vanofanira kuita zvole zvinhu izvi? Ndinoti kwamuri, Kwete, hamuna kuzviita.

CHITSAUKO 13

Abhinadhai anodzivirirwa nesimba dzvene — Anodzidzisa Mirairo Ine Gumi — Ruponeso harwuuye nemutemo waMosesi wega — Mwari pachavo vachaita rudzikinuro uye vonunura vanhu vavo. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino mambo paakange anzwa mazwi aya, akati kuvafundisi vake: Mutorei munhu uyu,

uye mumuuraye, nokuti ndingaiti naye, nokuti anopenga.

2 Uye vakamira vakaedza kuisa maoko avo paari; asi akavatakanura, akati kwavari:

3 Musandibate, nokuti Mwari vachakurovai kana mukaisa maoko enyu pandiri, nokuti handisati ndasvitsa shoko randakatumwa nro naIshe; zve handisati ndakutaurirai “zvamakandikumbira kuti ndikutaurirei; naizvozvo, Mwari havabvumire kuti ndiparadzwe pane nguva ino.

4 Asi ndakafanira kuzadzikisa mirairo iyo yandakatumwa naMwari, uye nepamusana pekuti ndakutaurirai chokwadi mandishatirirwa. Uye zvakare, nenzira yekuti ndataura shoko raMwari matonditonga kuti ndinopenga.

5 Zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Abhinadhai ataura mazwi aya vanhu vamambo Noa vakatya kumubata, nokuti Mweya walshe wakange wave paari; uye kumeso kwake “kukapenya nokupenya kukuru, kunyangwe sekupenya kwakaita Mosesi paakange ari mugomo reSinai, achitaura naIshe.

6 Uye akataura “nesimba nemvumo kubva kuna Mwari; uye akaenda mberi mukutaura kwake, achiti:

7 Muri kuona kuti hamuna simba rekundiuraya, saka ndinopedza shoko rangu. Hongu,

33a Eks. 19:9, 16–20;

Mosaya 13:5.

34a Eks. 20:2–4.

b Eks. 12:51;

1 Ni. 17:40;

Mosaya 7:19.

35a Hos. 13:4.

NKM Kunamata

Zvifananidzo.

37a Mosaya 13:25–26.

13 3a Mosaya 12:20–24.

5a Eks. 34:29–35.

6a NKM Simba.

uye ndinoona kuti zviri “kukubayai pamwoyo nokuti ndino kuudzai chokwadi maererano nezvitadzo zvenyu.

8 Hongu, uye mazwi angu anokuzadzai nokukushamisai nokukatyamara, nokushatirwa.

9 Asi ndinopedzisa shoko rangu; uye mushure hazvizove nemhosva kwandinoenda, kana zvikaita kuti ndiponeswe.

10 Asi izvi ndizvo zvandino kutaaurirai, zvamuchaita neni, mushure mezvizvi, zvichave “chiratidzo nemufananidzo we-zvinhu zvichauya.

11 Uye zvino ndinokuverengerai zvakasara “pamirairo yaMwari, nokuti ndiri kuona kuti hazvina kunyorwa mumwoyo yenyu; ndiri kuona kuti makadzidza uye mukadzidzisa zvitema nguva huru muupenyu hwenyu.

12 Uye zvino, munorangarira kuti ndakati kwamuri: Hamuzviitire zvimufanidzo zvekuveza, kana zvimwe zvinhu zvakafanana nezvinhu zviri kumusoro kudenga, kana zviri pano pasi, kana zviri mumvura pasi pevhu.

13 Uye zvakare: Hamuzvina namata, kana kuzvishandira; nokuti ini Ishe Mwari venyu ndiri Mwari vane shanje, ndinoisa mhosva dzemadzibaba kuvana, kusvika kuchizvarwa chechitatu nechechina cheavo vanondivenga;

14 Uye ndichiratidza tsitsi kune zviuru nezviuru zvevanondida uye vanochengeta mirairo yangu.

15 Musashandise zita raIshe Mwari venyu pasina zviripo; nokuti Ishe havazoti haana mhosva uyo waanowana achitamba nezita rake.

16 Rangarirai zuva “resabata, kuti murichengete riri dzvene.

17 Muchaita mabasa enyu kwemazuva matanhatu, uye muchiita basa renyu rose;

18 Asi muzuva rechinomwe, zuva resabata raIshe Mwari venyu, hamuna basa ramunoita imi, kana mwanakomana wenyu, kana mwanasikana wenyu, kana murandarume wenyu, kana murandakadzi wenyu, kana mombe dzenyu, kana mweni ari mukati memasuo enyu;

19 Nokuti nemazuva “matanhatu Ishe vakaita denga nenyika, negungwa, nezvose zviri mazviri; nokudaro Ishe vakaropafadza zuva resabata, vakarikudza.

20 “Kudza baba namai vako, kuti mazuva ako arebe panyika awakapiwa naIshe Mwari vako.

21 “Musauraye.

22 “Musapombe. ^bMusabe.

23 Musapupure “nhema pamusoro pemuvakidzani wenyu.

24 Musaita “ruchiva nempa yemuvakidzani wenyu, musaita ruchiva nemukadzi wemuvakidzani wenyu, kana murandaru-

7a 1 Ni. 16:2.
10a Mosaya 17:13-19;
Aruma 25:10.
11a Eks. 20:1-17.
16a NKM Zuva reSabata.

19a Gen. 1:31.
20a Marko 7:10.
21a Mat. 5:21-22;
D&Z 42:18.
NKM Kuponda.

22a NKM Hupombwe.
^b NKM Kuba.
23a Zir. 24:28.
NKM Kunyepa.
24a NKM Kuchiva.

me wake, kana murandakadzi wake, kana gwaimani rake, kana mbongoro yake, kana chii zvacho chemuvakidzani wenyu.

25 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge Abhinadhai apedza kutaura uku akati kwavari: Makadzidzisa here vanhu ava kuti vacherechedze zvose zvinhu izvi kuti vachengetedze mirairo iyi?

26 Ndinoti kwamuri, Kwete; nokuti dai makazviita, Ishe angadai asina kuita kuti ndiuye ndichiporofita maererano no-kuipa kwevanhu ava.

27 Uye zvino mati ruponeso rwunounzwa nemutemo wa-Mosesi. Ndinoti kwamuri zvakana kuti mumbochengetedza “mutemo waMosesi; asi ndinoti kwamuri, kuti nguva ichauya yokuti ^bhamuzofanira kuchengetedza mutemo wa-Mosesi.

28 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, “ruponeso harwuuye ^bnemutemo chete; uye dai pakanga pasina ‘rudzikinuro, rwuchaitwa naMwari pamusana pezvitadzo nezvinyangadzo zvevanhu vavo, vaitofanira kufa pasina chingavadzivirire, kana dai uri mutemo waMosesi.

29 Uye zvino ndinoti kwamuri zvaifanira kuti kuve nemutemo unopiwa kuvana vaIsraeri, ho-

ngu, kana mutemo “wakaoma chaizvo; nokuti vakange vari vanhu vakaoma mitsipa, ^bvano-kurumidza kuita zvakaipa, uye vachinonoka kurangarira Ishe Mwari vavo.

30 Naizvozvo kwaive “nemutemo wakapiwa kwavari, hongu, mutemo wekuita ^bnezvisungo, mutemo wawaifanira “kutevedza chaizvo zuva nezuya, kuti vagare vachirangarira Mwari nebasa ravo kwavari.

31 Asi tarisai, ndinoti kwamuri, zvose zvinhu izvi zvaive “zviratidzo zvezvinhu zvichauya.

32 Uye zvino, vakanzwisisa mutemo here? Ndinoti kwamuri, Kwete, havana vose kunzwisisa mutemo; uye zvichikonzerwa neukukutu hwemwoyo yavo; nokuti havana kunzwisisa kuti hakuna munhu anoponeswa “kunze kwekunge awana rununuro rwaMwari.

33 Nokuti tarisai, ko Mosesi haana kuporofita kwavari here pamusoro pekuuya kwaMesia, nokutiwo Mwari vachanunura vanhu vavo? Hongu, uye kana “vose vaporofita vakaporofita kubvira pakutanga kwenyika—havana kunge vachitaura zvinhu zvakangofanana nezvizvi here?

34 Havana kuti here “Mwari pachavo vachadzika mukati

27a NKM Mutemo waMosesi.

b 3 Ni. 9:19-20; 15:4-5.

28a VaG. 2:16.

NKM Akanunura; Ruponeso.

b VaG. 2:21;

Mosaya 3:14-15;

Aruma 25:15-16.

c NKM Dzikinura.

29a Josh. 1:7-8.

b Aruma 46:8.

30a Eks. 20.

b NKM Zvisungo.

c Jak. 4:5.

31a Mosaya 16:14;

Aruma 25:15.

NKM Zvemuchere-

chedzo.

32a 2 Ni. 25:23-25.

33a 1 Ni. 10:5;

Jak. 4:4; 7:11.

34a Mosaya 7:27; 15:1-3.

NKM Mwari, Musoro hwhehuMwari.

mevana vevanhu, uye vagove vanotora chimiro chemunhu, uye vagoenda nesimba guru pamusoro penyika?

35 Hongu, uye havana kutiwo here achaita kuti kuve “neku-muka kwevakafa, uye nokuti iye, pachake, achadzvinyirirwa agotambudzwa?

CHITSAUKO 14

Isaya anotaura saMesia—Kunya-dziswa nokutambudzwa kwaMesia zvinoratidzwa—Anoita mweya wake mupiro wechitema nokure-verera vatadzi—Enzanisai naIsaya 53. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

HONGU, kana Isaya haati here: Ndiani akabvuma zvatakataura, uye ndiani akaraticidzwa ruoko rwalshe?

2 Nokuti achakura ari pamberi pake sebukwa, uye semudzi wabuda muvhu rakaoma; uye haana chimiro kana kutsiga; uye patichamuona panenge pasina runako rungaite kuti timude.

3 Anoshorwa uye agorambwa nevanhu; murume wekusuwa, ajairana nekuchema; uye takavanza zviso zvedu kwaari; akashorwa, uye isu hatina kumukudza.

4 Chokwadi “akatakura ^bkuchema kwedu, nekusuwa kwedu;

asi takati akanetswa, akarohwa naMwari, nokutambudzwa.

5 Asi akakuvadzirwa “kutadza kwedu, akakusvuukira kuipa kwedu; akarangwa achirangwa kuti tive nerunyararo; nemavanga ekurohwa kwake ^btakarapwa.

6 Tose isu, “sehwai, takarasika; tose tatendeukira umwe neumwe kwake; uye Ishe akatakura pamusoro pake kutadza kwedu tose.

7 Akadzvinyirirwa, uye akatambudzwa, asi “iye haana kumbozarura muromo wake; anouyiswa kundobaiwa ^bsehwayana, uye sehwai pamberi pevageri vayo yakanyarara saka haana kuzarura muromo wake.

8 Akabviswa mutirongo nepakutongwa; uye ndiani achaitaura chizvarwa chake? Nokuti akabviswa munyika yevapenyu; nenzira yekutadza kwevanhu vangu akarohwa?

9 Uye akavigwa pamwechete nevatadzi, “nevapfumi pakufa kwake; nokuti hakuna ^bchakaipa chaakange aita, zve muromo make makange musina unyengedzi.

10 Asi zvaifadza Ishe kuti akuzvurwe; akamuchemedza; kana mukaita mweya wake mupiro wechitema achaona “mbeu yake, achapamhidzira mazuva ake, uye kuda kwaIshe kuchabudirira muruoko rwake.

35a Isa. 26:19; 2 Ni. 2:8.

14 4a Aruma 7:11–12.

b Mat. 8:17.

5a Mosaya 15:9;

Aruma 11:40.

b I Pet. 2:24–25.

6a Mat. 9:36; 2 Ni. 28:14;

Aruma 5:37.

7a Marko 15:3.

NKM Jesu Kristu.

b NKM Gwayana

raMwari; Paseka.

9a Mat. 27:57–60;

Marko 15:27, 43–46.

NKM Josefa

weArimatea.

b Joh. 19:4.

10a Mosaya 15:10–13.

11 Achaona zvakatambudzi-rwa mweya wake, uye zvichamugutsa; neruzivo rwake muranda wangu wakarurama achanatsa vazhinji; nokuti ^aachatakura kuipa kwavo.

12 Saka tichamugovera chikamu nevane mbiri, uye achagovana nevane masimba; nokuti akadururira mweya wake mukufa; uye akaverengerwa kuvatadzi; uye akatakura zvitema zvezvazhinji, uye ^aakareverera vatadzi.

CHITSAUKO 15

Kuti Kristu ndiBaba neMwanakomana sei—Achapindira uye agotakura kutadza kwevanhu vake—Ivo nevaporofita vatsvene vose imbeu yake—Anoita kuti kuve neKumuka kwevakafa—Vana vaduku vane upenyu hwokusingaperi. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino Abhinadhari akati kwavari: Ndinoda kuti muzive kuti ^aMwari pachavo vachadzika mukati mevana vevanhu, uye ^bvachanunura vanhu vavo.

2 Uye nokuti ^aanogara ari munyama achadaidzwa kuti

Mwanakomana waMwari, aisa nyama yake pasi pekuda ^bkwa-Baba, ari iye Baba neMwanakomana—

3 Baba, ^anokuti ^bakaberekwa nesimba raMwari; uye Mwanakomana, nenziira yenyama; ndokuve Baba neMwanakomana—

4 Uye vari Mwari ^amumwechete, hongu, chaivo ^bBaba ^cWokusingaperi wedenga nenyika.

5 Uye ndipo nyama painozviisa pasi peMweya, kana Mwanakomana azviisa pasi paBaba, vari Mwari mumwechete, ^avanopinda pakuedzwa, uye havaiswe pasi nokuedzwa ikoko, asi vanobvumira kuti vasekwe, ^bnokurohwa, nokurasirwa kunze, ^cnokurambwa nevanhu vavo.

6 Uye mushure mazvo zvose izvi, mushure mekuita zvi-shamiso zvakawanda mukati mevana vevanhu, achatorwa, hongu, kunyangwe ^asezvaka-taurwa naIsaya, sehwei iri kuenda pamberi pevanoigera yakanyarara, naiye ^bhaazarure muromo wake.

7 Hongu, saizvozvo achatorwa, ^aoroverwa, ouraiwa, nyama ichive inozviisa pasi kana

11a Zvaka. 16:21–22;
I Pet. 3:18;

D&Z 19:16–19.

12a 2 Ni. 2:9; Mosaya 15:8;
Moro. 7:27–28.

15 1a I Tim. 3:16;
Mosaya 13:33–34.

NKM Jesu Kristu.

b NKM Akanunura.

2a Mosaya 3:5; 7:27;
Aruma 7:9–13.

b Isa. 64:8;

Joh. 10:30; 14:8–10;

Mosaya 5:7;

Aruma 11:38–39;

Eta 3:14.

3a D&Z 93:4.

b Ruka 1:31–33;

Mosaya 3:8–9;

Aruma 7:10;

3 Ni. 1:14.

4a Deut. 6:4;

Joh. 17:20–23.

NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

b Mosaya 3:8;

Hir. 14:12; 3 Ni. 9:15;
Eta 4:7.

c Aruma 11:39.

5a Ruka 4:2;

VaH. 4:14–15.

b Joh. 19:1.

c Marko 8:31;

Ruka 17:25.

6a Isa. 53:7.

b Ruka 23:9; Joh. 19:9;

Mosaya 14:7.

7a NKM Kuroverwa.

perufu, ^bkuda kweMwanakomana kwamedzwa nekuda kwaBaba.

8 Uye ndiko kudimbura kunaita Mwari ^amajoto erufu, vawana ^bkukunda rufu; vachipa Mwanakomana masimba ^cekureverera vana vevanhu—

9 Akwira kudenga, ane hura huzere tsitsi; uye azere netsitsi kuvana vevanhu; amire pakati pavo nekutonga; akadimbura majoto erufu, akatakura ^apaari kuipa kwavo nokutadza kwavo, avanunura, uye akaita ^bzvaidiwa nokutonga kune ruenzaniso.

10 Uye zvino ndinoti kwamuri, ndiani achataura chizvarwa chake? Tarisai, ndinoti kwamuri, kana mweya wake waitwa mupiro wechitema achaona ^ambeu yake. Uye zvino imi munotii? Uye mbeu yake anenge ari ani?

11 Tarisai ndinoti kwamuri, ani nani zvake akanzwa mazwi ^aevaporofita, hongu, vose vaporofita vatsvene vakaporofita nezvekuuya kwalshe—ndinoti kwamuri, avo vose vakateerera kumazwi avo, vakatenda kuti Ishe achanunura vanhu vake, uye vakatarisira kuzuva iroro kuti vagoregererwa zvitema zvavo, ndinoti kwamuri, ivava ndivo mbeu yake, kana kuti

ndivo vagari ^bveumambo hwaMwari.

12 Nokuti ivava ndivo vane zvitema ^a“iye zvaakatakura; ivava ndivo vaakafira, kuti avanunure mukutadza kwavo. Uye zvino, havasi mbeu yake here?

13 Hongu, uye ko vaporofita, mumwe nomumwe akazurura muromo wake kuporofita, asina kuwira mukutadza, ndinoreva vose vaporofita vatsvene kubvira pakutanga kwenyika? Ndinoti kwamuri ivavo imbeu yake.

14 Uye ivava ndivo ^a“vakashambadza runyararo, vakauya nenhau dzakanaka dzekunaka, vakashambadza ruponeso; uye vakati kuna Zioni: Mwari vako ari kutonga!

15 Uye tsoka dzavo dzakange dzakanaka sei pamusoro pemakomo!

16 Uye zvakare, dzakanaka sei pamusoro pemakomo tsoka dzeavo vachiri kushambadza runyararo.

17 Uye zvakare, dzakanaka sei pamusoro pemakomo tsoka dzeavo mushure mezvizvi vacharamba vachishambadza runyararo, hongu, kubvira nguva ino kudakara kwokusingaperi.

18 Uye tarisai, ndinoti kwamuri, hazvizizvo zvose. Nokuti dzakanaka sei pamusoro pema-

7b Ruka 22:42;
Joh. 6:38;
3 Ni. 11:11.

8a Mosaya 16:7;
Aruma 22:14.

b Hos. 13:14;
I VaKori. 15:55-57.

c 2 Ni. 2:9;
9a Isa. 53;

Mosaya 14:5-12.
b NKM Dzikinura.

10a Isa. 53:10;
Mosaya 5:7; 27:25;
Moro. 7:19.

11a D&Z 84:36-38.

b NKM Umambo
hwaMwari kana
Umambo

hweKudenga;
Ruponeso.

12a Mosaya 14:12;
Aruma 7:13; 11:40-41.

14a Isa. 52:7; VaR. 10:15;
1 Ni. 13:37;
Mosaya 12:21-24.
NKM Basa
reKushumira.

komo “tsoka dzeuyo anouya nenhau dzakanaka, anova akatanga ^brunyararo, hongu, kana Ishe, akanunura vanhu vake; hongu, iye akapa ruponeso kuvanhu vake;

19 Nokuti dai pasina rununuro rwaakaitira vanhu vake, rwakagadzirirwa kubvira “kutanga kwenyika, ndinoti kwamuri, dai pasina izvi, rwose rudzi rwevanhu rwungadai ^brwakaparara.

20 Asi tarisai, majoto erufu achadimurwa, uye Mwanakomana otonga, uye ane simba kune vakafa, naizvozvo, anoita kuti kuve nekumuka kune vakafa.

21 Uye kunouya kumuka kwevakafa, kana kumuka kwevakafa “kwekutanga; hongu, kana kumuka kwevakafa kweavo vakanga varipo, neavo varipo, neavo vachazovepo, kana kudakara kusvika mukumuka kuvakafa kwaKristu — nokuti ndizvo zvaachadaidzwa achiita.

22 Uye zvino, kumuka kune vakafa kwevaporofita vose, neavo vose waitenda mazwi avo, kana avo vose vaiteerera murairo waMwari, vachauya mukumuka kwevakafa kwekutanga; naizvozvo, ndivo veku-muka kuvakafa kwekutanga.

23 Vanomutswa kuti “vagare naMwari avo vakavanunura; naizvozvo vane upenyu hwo-

kusingaperi munaKristu, uyo ^bakadimbura majoto erufu.

24 Uye ava ndivo vachange vari mukumuka kwevakafa kwekutanga; uye ava ndivo vakafa Kristu asati auya, mukusaziva kwavo, vasina kumbotaurirwa “nezveruponeso. Uye Ishe anokonzera kudzororwa pakare kwaivava; uye vanove mukumuka kwevakafa kwekutanga, kana kuwana upenyu hwokusingaperi, vari vakanuturwa nalshe.

25 Uye “vana vaduku naivowo vane upenyu hwokusingaperi.

26 Asi tarisai, “mutye, mubvunde pamberi paMwari, nokuti makafanira kubvunda; nokuti Ishe havanunure avo ^bvanomupandukira uye ^cvachifira muzvitema zvavo; hongu, kana avo vose vakafira muzvitema zvavo kubvira kutanga kwakaita nyika, vakapandukira Mwari vachida, vaiziva mirairo yaMwari, vasingaichengete; ^divava ndivo “vasingazove mukumuka kuvakafa kwekutanga.

27 Naizvozvo hamufanire kubvunda here? Nokuti ruponeso haruuye kune vakadaro; nokuti Ishe havana kununura vakadaro; hongu, zve Ishe havanunure vakadaro; nokuti havangazvipikise pachavo; nokuti havangarambe “ruenzaniso parunenge ruchifanirwa.

18a 3 Ni. 20:40;
D&Z 128:19.

^b Joh. 16:33.
NKM Runyararo.

19a Mosaya 4:6.
^b 2 Ni. 9:6–13.

21a Aruma 40:16–21.

23a Mpi. 24:3–4;

1 Ni. 15:33–36;
D&Z 76:50–70.

^b NKM Rufu, rwenyama.

24a 2 Ni. 9:25–26;
D&Z 137:7.

25a D&Z 29:46; 137:10.

NKM Ruponeso—
Ruponeso rwevana.

26a Deut. 5:29; Jak. 6:9.

^b 1 Ni. 2:21–24.

^c Ezk. 18:26;
1 Ni. 15:32–33;
Moro. 10:26.

^d Aruma 40:19.

^e D&Z 76:81–86.

27a Aruma 34:15–16; 42:1.

28 Uye zvino ndinoti kwamuri nguva ichasvika iyo “ichadaidziswa ruponeso rwaIshe kumarudzi ose, hama, ndimi, nevanhu.

29 Hongu, Ishe, “varindi venyu vachasimudza mazwi avo; nezwi pamwechete vachaimba; nokuti vachawirirana, kana Ishe vaunza zvakare Ziona.

30 Pindai mukufara, imbai pamwechete, imi matongo eJerusarema; nokuti Ishe vanyaradza vanhu vavo, vanunura Jerusarema.

31 Ishe vaisa pachena ruoko rwavo rwutsvene mumaziso emarudzi ose; uye ose mativi enyika achaona ruponeso rwaMwari vedu.

CHITSAUKO 16

Mwari vanoponesa vanhu kubva mukurasika nokuponzika kwavo—Avo vanoita zvenyika vanogara sekunge pasina rununuro—Kristu anoita kuti kuve nokumuka kuvakafa neupenyu husingaperi kana kuti kuraswa kusingaperi. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE ZVINO, zvakaitika kuti mushure mekunge Abhinadhai ataura mazwi aya akatambandza ruoko rwake akati: Nguva ichasvika yekuti vose vachaona “ruponeso rwaIshe; apo rwose rwudzi, hama, ndimi, uye

nevanhu vachawirirana ^bvagoreurura pamberi paMwari kuti kutonga kwavo kwakanaka.

2 Uye ndipo “pacharaswa vakaipa, uye vachave nechikonzero chekuwuwura, ^bnokuchema, nokurungaira, nokugegeda mazino avo, zvose izvi zvichikonzerwa nokuti havana kuda kuteerera izwi raIshe; naizvozvo Ishe havana kuvanunura.

3 Nokuti vanoita “zvenyama ndivana dhiabhorosi, uye ^bdhiabhorosi ane simba pavari; hongu, kana nyoka iya ‘yakanyangedza vabereki vedu vekutanga, chakave ndicho chikonzero ^dchokuponzika kwavo; chakave ndicho chikonzero chakaita kuti vanhu vaite zvenyama, unhubu, udhiabhorosi, ^evachiziva zvakaipa nezvakakanaka, vachiteerera kune zvinodiwa nadhiabhorosi.

4 Ndiko “kurasika kwakaita vanhu vose; uye tarisai, vanga dai vakarasika zvachose dai pasina kuti Mwari vakanunura vanhu vavo mukuponzika nekurasika kwavo.

5 Asi rangarirai kuti uyo anoramba ari muzvinhu “zvenyama, achitevedza nzira dzezvitadzo nekupandukira Mwari, anogara akaponzika uye dhiabhorosi ane simba rose pamusoro pake. Saka achaita sekusina kumbove

28a NKM Basa reKushumira.

29a NKM Murindiri.

16 1a NKM Ruponeso. b Mosaya 27:31.

2a D&Z 63:53–54. b Mat. 13:41–42; Ruka 13:28;

Aruma 40:13.

3a VaG. 5:16–25;

Mosaya 3:19.

NKM Munhu weNyama.

b 2 Ni. 9:8–9.

NKM Dhiabhorosi.

c Gen. 3:1–13;

Mos. 4:5–19.

d NKM Kuponzika

kwaAdama naEva.

e 2 Ni. 2:17–18, 22–26.

4a Aruma 42:6–14.

5a Aruma 41:11.

NKM Zvenyama.

^bnerununuro rwakaitwa, ari muvengi waMwari; uye ariwo dhiabhorosi muvengi waMwari.

6 Uye zvino dai Kristu akanga asina kuuya munyika, achitaura nezvinhu zvichauya “sekunge zvakatouya kare, kungadai kusina rununuro.

7 Uye dai Kristu akanga asina kumuka kuvakafa, kana dai asina kudimbura majoto erufu kuti guva rishaye kukunda, kuti rufu rwusave “chironda, kungadai kusina kumuka kwevakafa.

8 Asi kune “kumuka kwevakafa, naizvozvo guva harina kukunda, uye chironda ^bcherufu chikamedzwa munaKristu.

9 Ndiye “chiedza neupenyu hwenyika; hongu, chiedza chisingapere, chisingavibiswe; hongu, neupenyuwo husingapere, kuti hakuchazova nerufu.

10 Kana muviri unofa uyu uchafekedzwa “kusafa, uye kuora uku kuchafekedzwa kusaora, uye vachaitwa kuti ^bvamire pamberi pechigarro chekutonga chaMwari, kuti “vago-tongwa maererano nemabasa avo kuti akanaka here kana kuti akaipa —

11 Kana vakanaka, kusvika pakumutswa kuvakafa muupenyu “husingaperi nerufaro; uye kana akaipa, kusvika mukumutswa kuvakafa muku-

raswa ^bkusingaperi, vachitumi-rwa kuna dhiabhorosi, akavaita varanda, kuri kuraswa —

12 Vafamba maererano noku-da kwenyama dzavo nezvido zvavo; vasina kumbodaidza Ishe apo maoko etsitsi akange akatambanudzirwa kwavari; nokuti maoko “etsitsi akanga akatambanudzirwa kwavari, asi vakaaramba; vakayambirwa no-kuipa kwavo asi havana kubva kwazviri; vakaudzwa kuti vate-ndeuke asi havana kuda kute-ndeuka.

13 Uye zvino, hamufanire kubvunda here nokutendeuka kubva muzvitema zvenyu, uye murangarire kuti munopone-swa chete kana muri muna-Kristu?

14 Naizvozvo, kana muchi-dzidzisa “mutemo waMosesi, makafanira kudzidzisawo kuti mufananidzo wezvinhu zvi-chauya —

15 Vadzidzisei kuti rununuro rwunouya nekuna Kristu Ishe, vanove ndivo Baba “Vokusinga-peri. Amen.

CHITSAUKO 17

Aruma anotenda onyora mazwi aAbhinadhai—Abhinadhai anota-mbudzika murufu rwomoto—

5b NKM Akanunura.

6a Mosaya 3:13.

7a Hos. 13:14;

Mosaya 15:8, 20.

8a Aruma 42:15.

NKM Kumuka

Kuvakafa.

b Isa. 25:8;

I VaKori. 15:54–55;

Morm. 7:5.

9a D&Z 88:5–13.

NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

10a Aruma 40:2.

NKM Asingafe.

b NKM Kutonga,

Kwekapedzisira.

c Aruma 41:3–6.

11a NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

b NKM Kuraswa.

12a NKM Anetsitsi.

14a NKM Mutemo
waMosesi.

15a Mosaya 3:8; 5:7;

Eta 3:14.

Anoporofita pamusana pezvairwere norufu rwomoto kune vakamuuraya. Zvingangove makore 148 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti apo Abhinadhai akanga apedza kutaura uku, mambo akaraira “vapirisita kuti vamutore vaite kuti auraiwe.

2 Asi pakati pavo pakange pane mumwe ainzi ^aAruma, akange ari wechizvarwa cha-Nifai. Uye akanga ari murume achiri muduku, uye ^bakatenda mazwi ayo Abhinadhai akanga ataura, nokuti aiziva kuipa uko kwakanga Abhinadhai ataura pamusana pavo; naizvozvo akatanga kukumbira kuna mambo kuti asashatirirwe Abhinadhai, asi kuti amubvumire kuenda murunyararo.

3 Asi mambo akashatirwa zvikuru, akaita kuti Aruma abviswe pakati pavo, akatumira varanda vake kuti vanomuuraya.

4 Asi akatiza kubva kwavari akanohwanda zvokuti havana kumuona. Ari pakuhwanda kudaro kwamazuva akawanda “akanyora mazwi ose akataurwa naAbhinadhai.

5 Uye zvakaitika kuti mambo akaita kuti vachengeti vake vakomberedze Abhinadhai vamubate; vakamusunga vakamuisa mutorongo.

6 Uye kwaperama mazuva mata-tu, shure kwokunge varangana navapirisita vake, akaita kuti aunzwe zvakare kwaari.

7 Uye akati kwaari: Abhinadhai, taona mhosva pauri, saka wakafanira kufa.

8 Nokuti wakati izvo “Mwari pachavo vachauya pano pasi pakati pavana vavanhu; uye zvino, pamusana pemhosva iyoyi uchauraiwa kunze kwokunge wati mazwi akaipa ose awakataura pamusoro pangu navanhu vangu inhema.

9 Zvino Abhinadhai akati kwaari: Ndinoti kwaari, handidzore mazwi andakataura kwaari maererano navanhu ava, nokuti ndeekokwadi; kuti muzive kuti ndeekokwadi ndabvuma kuwira mumaoko enyu.

10 Hongu, uye ndichatambudzika kusvikira kufa, uye handizodzora mazwi angu, achazova uchapupu achikupa mhosva. Uye mukandiuraya muri kudeura ropa “risina mhosva, uye izvi zvichapupura pazuva rokupedzisira.

11 Uye zvino mambo Noa akanga ava kuda kumusunungura, nokuti akanga otya shoko rake; nokuti akatya kuti kutonga kwaMwari kwaizova paari.

12 Asi vafundisi vakasimudza mazwi avo kwaari, vakatangisa kumupomera mhosva, vachiti: Atuka mambo. Naizvozvo mambo akasimuka nokushatirwa kwaari, akamuisa mumaoko avo kuti vamuuraye.

13 Uye zvakaitika kuti vakamutora vakamusunga, vakarova

17 1a Mosaya 11:1, 5–6.

2a Mosaya 23:6, 9–10.
NKM Aruma Mukuru.

b Mosaya 26:15.

4a NKM Magwano
matsvene.

8a Mosaya 13:25, 33–34.

10a Aruma 60:13.

ganda rake nehuni dziri kubvira, hongu, kana kusvikira afa.

14 Uye zvino marimi emoto paakatanga kumupisa, akache-ma kwavari, achiti:

15 Tarisai, kana sezvamaita kwandiri, zvichaitika kuti mbeu yenyu ichakonzero kuti vazhinji vatambudzike kurwadza kwandatatambudzika, kana kurwadza “korufu rwomoto; uye izvi nenzira yokuti vanotenda muruponeso rwashe Mwari vavo.

16 Uye zvichaitika kuti muchatambudzwa nemhando dzose dzezvirwere nokuda kwokutadza kwenyu.

17 Hongu, uye “mucharohwa kubva kumativi ose, uye muchatinhwa mugopararira uko nekoko, kana sekuparadzwa kunoitwa danga resango nezvikara zvinotyisa.

18 Uye pazuva iroro muchavhimwa, uye muchatorwa noruoko rwemhandu dzenyu, muchazotambudzika, sekutambudzika kwandaita, marwado “erufu rwomoto.

19 Mwari “vanodzorerera saizvo-zvo avo vanoparadza vanhu vavo. Mwari, gamuchirai mweya wangu.

20 Uye zvino, apo Abhinadhai akataura mazwi aya, akapunzika, atambudzika nerufu rwomoto; hongu, akauraiwa nokuti akaramba kuramba mirairo ya-Mwari, somunhu akanamata chokwadi chamazwi ake norufu rwake.

CHITSAUKO 18

Aruma anoparidza muchivande—Anoratidza zvibvumirano zvokubhabhatidza achibhabhatidza pamvura dzaMormoni—Anotangisa Chechi yaKristu nokugadza vapirisita—Vanozviritira pachavo nokudzidzisa vanhu—Aruma navanhu vake vanotiza Mambo Noa kuenda murenje. Zvingangove makore 147 kusvika ku145 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti Aruma, uyo akange atiza kubva kuvaranda vamambo Noa, “akatendeuka kubva pazvivi zvake nokuipa kwake, akaenda muchivande pakati pavanhu, akatangisa kudzidzisa mazwi aAbhinadhai—

2 Hongu, maererano neizvo zvaizouya, uye nemaererano nokuzomutswa kwavakafa, “norununuro rwavanhu, izvo zvaizounzwa kuti zviitike nenzira^b yesimba, nokutambudzika, norufu rwaKristu, nokumutswa kuvafi nokukwira kwake kudenga.

3 Uye kune vazhinji avo vakanzwa mazwi ake vakadzidzisa. Uye akavadzidzisa muchivande, kuti zvisazivikanwe nama-mbo. Uye vazhinji vakatenda mazwi ake.

4 Uye zvakaitika kuti vakawanda vakamutenda vakaenda “kunzvimbo inonzi Mormoni, yakanga yapiwa zita iri

15a Mosaya 13:9–10;
Aruma 25:4–12.

17a Mosaya 21:1–5, 13.

18a Mosaya 19:18–20.
19a NKM Kutsividza.

18 1a Mosaya 23:9–10.

2a NKM Akanunura.
b NKM Dzikinura.

4a Aruma 5:3.

namambo, iri kumuganhu ne-nyika yairura, nenguva kana mwaka, nemhuka dzesango.

5 Zvino, muMormoni makanga muine chidziva chemvura yakachena, zvino Aruma akaenda ikoko, pedyo nemvura iyi paive nekarugwezhwa kaive nemiti miduku, maaivanda panguva dzamasikati achihwanda kutsvagwa namambo.

6 Uye zvakaitika kuti vazhinji vakanga vatenda vaienda kunzvimbo iyi kuti vanonzwa mazwi ake.

7 Uye zvakaitika kuti kwapera mazuva akawanda pakava nechitsama chakanga chaungana panzvimbo yeMormoni, kuti vanzwe mazwi aAruma. Hongu, vose vakaungana pamwechete avo vakatenda mazwi ake, kuti vamunzwe. Uye akavadzidzisa, akaparidzira kutendeuka, noronunuro, nokutenda kuna Ishe.

8 Uye zvakaitika kuti akati kwavari; Tarisai, hedzino mvura dzaMormoni (nokuti ndiko kudaidzwa kwadzaiitwa) zvino, zvamunoda kuuya mudanga raMwari, nokudaidzwa savanhu vavo, uye muine chido chokutakurirana mitoro, kuti ive inoreruka;

9 Hongu, uye kuti munoda kuchema neavo vanochemba; hongu, nokunyaradza avo vanenge

vachida kunyaradzwa, nokumira “sevapupuri vaMwari panguva dzose muzvinhu zvose, nomunzvimbo dzose dzamunenge muri, kana kusvikira pakufa, kuti muzonunurwa naMwari, nokuzoverengerwa neavo vachamutswa pakumuka kwokutanga, kuti muve noupenyu hwokusingaperi—

10 Zvino ndinoti kwamuri, kana izvi zviri zvido zvemwoyo yenyu, chii chamusingade kuti “mubhabhatidzwe muzita raIshe, seuchapupu pamberi pavo kuti mapinda muchibvumirano navo, kuti muchamushandira nokuchengeta mirairo yavo, kuti vazova vanodurura Mweya wavo pamuri zvakanyanya?

11 Zvino apo vanhu vakanga vanzwa mazwi aya, vakarova maoko avo nomufaro vakati: Izvi ndizvo zvido zvemwoyo yedu.

12 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma akatora Herami, somumwe wevokutanga, akaenda akandomira mumvura, akachema achiti: Ishe dururirai Mweya wenyu pamuranda wenyu, kuti aite basa renyu nomwoyo mutsvene.

13 Uye apo akanga ataura mazwi aya, “Mweya waIshe wakanga wava paari, akati: Herami, ndinokubhabhatidza, nemvumo kubva kuna Mwari

7a Aruma 5:11–13.

8a D&Z 20:37.

b NKM Chechi yaJesu Kristu.

c NKM Kunzwa Tsitsi.

9a NKM Basa reKushumira;

Pupura; Mupupuri.

b Mosaya 15:21–26.

c NKM Upenyu Hwokusingaperi.

10a 2 Ni. 31:17.

NKM Bhabhatidza.

b NKM Chibvumirano.

13a NKM Mweya

Mutsvene.

b 3 Ni. 11:23–26; D&Z 20:72–74.

c Mis. yeCh. 1:5.

NKM Hupirisita.

Unamasimba ose, seuchapupu hwokuti wapinda muchibvumirano chokuti uchamushandira kusvikira wafa kufa kwomuviri; uye Mweya waIshe udururwe pauri; vave vanokupa upenyu hwokusingaperi, kuburikidza ^anorununuro rwaKristu, uyo waakagadzirira kubva ^apakutanga kwenyika.

14 Uye shure kwokunge Aruma ataura mazwi aya, vose Aruma naHerami ^avakanyudzwa mumvura; vakasimuka vakabuda mumvura vachifara, vazadzwa noMweya.

15 Uyezve, Aruma akatora mumwe, akaenda rwepiri mumvura, akamubhabhatidza sowokutanga, asi iye haana kuzonyurawo mumvura.

16 Uye netsika iyoyi akabhabhatidza mumwe nomumwe aienda kunzvimbo yaMormoni; mukuverengwa vakakwana mazana maviri navana; hongu, ivava ^avakabhabhatidzwa mumvura dzaMormoni, uye vakazadzwa ^bnenyasha dzaMwari.

17 Uye vakadaidzwa kuti ^achechi yaMwari, kana kuti chechi yaKristu, kubvira panguva iyoyo zvichienda mberi. Uye zvakaitika kuti avo vose vakange vabhabhatidzwa nesimba nemvumo yaMwari vakapamhidzirwa kucheche yavo.

18 Uye zvakaitika kuti Aruma aine ^amvumo kubva kuna Mwari, akagadza vafundisi; kana mufundisi mumwechete pavanhu makumi mashanu kuti avaparidzire, ^bnokuvadzidzisa maererano nezvinhu zveumambo hwaMwari.

19 Uye akavaraira kuti vasadzidzise zvimwe kunze kwezvaakanga avadzidzisa, uye zvakataurwa nemiromo yavaporofita vatsvene.

20 Hongu, akavarairawo zvakare kuti ^avasaparidze zvimwe kunze kwokutendeuka nokutenda munaIshe, uyo akanunura vanhu vake.

21 Uye akavaraira kuti pasave ^anokukakavadzana pakati pavo, asi kuti vanofanira kuva ^bnetariro imwechete, vane kutenda kumwechete nebhabhatidzo imwechete, nokuva nemwoyo yakarukwa pamwechete ^amukubatana nokudanana.

22 Uye izvi ndizvo zvaakavaraira kuti vaparidze. Uye vakazova ^avana vaMwari.

23 Uye akavaraira kuti vachengetedze zuva ^areSabata, nokurichengeta riri dzvene, uye mazuva ose vanofanirwa kupa kutenda kuna Ishe Mwari vavo.

24 Uyezve akaraira kuti vapirisita avo vaakanga agadza

13d NKM Akanunura.
e Mos. 4:2; 5:9.

14a NKM Bhabhatidza—
Rubhabhatidzo
nokunyudzwa.

16a Mosaya 25:18.
b NKM Nyasha.

17a 3 Ni. 26:21; 27:3–8.

NKM Chechi yaJesu
Kristu.

18a NKM Hupirisita.

b NKM Dzidzisa.

20a D&Z 15:6; 18:14–16.

21a 3 Ni. 11:28–30.

NKM Gakava.

b Mat. 6:22;

D&Z 88:67–68.

c NKM Kubatana.

22a Mosaya 5:5–7;
Mos. 6:64–68.

23a Mosaya 13:16–19;
D&Z 59:9–12.

“vashande namaoko avo kuti vazviriritire.

25 Uye pakanga pane zuva rimwechete pasvondo rakanga ramiswa kuti vaungane pamwechete kuti vadzidzise vanhu, “nokunamata Ishe Mwari vavo, uyezve, nguva zhinji nesimba ravaive naro, kuti vaungane pamwechete pachavo.

26 Uye vafundisi havaifanira kutarisira ruyamuro kubva kuvanhu; asi nokushanda kwavo vaizogamuchira “nyasha dzaMwari, kuti vafambe vakasimba muMweya, nokuva ^bnoruzivo rwaMwari, kuti vadzidzise nesimba nemvumo kubva kuna Mwari.

27 Uye zvakare Aruma akaraira vanhu vechechi kuti vape zvinhu zvavo, mumwe “nomumwe maererano nezvaanazvo; kana aine zvakawanda anofanirwawo kupa zvakawanda; uyo ane zvishoma, zvishoma zvinodiwawo; kune uyo asina anofanirwa kupihwa.

28 Uye saizvozvo vanofanirwa kupa zvinhu zvavo vakasununguka nechido kuna Mwari, nekuvafundisi avo vaishaya, hongu, uye nokumweya yose yaida rubatsiro.

29 Uye izvi akataura kwavari, sokurairwa kwaakaitwa naMwari; “vakafamba zvakarurama pamberi paMwari, ^bvachipana munyama nomumweya

maererano nekuwana kwavo nezvido zvavo.

30 Uye zvakaitika kuti izvi zvose zvakaitwa muMormoni, hongu, pedyo “nemvura dzaMormoni, musango rakanga riri pedyo nemvura dzaMormoni; hongu, panzvimbo yaMormoni, mvura dzaMormoni, sango raMormoni, zvakanga zvakanaka zvakadii kumaziso avo ikoko vakauya muruzivo rwoMununuri wavo; hongu, vakakomborerwa zvakadii, nokuti vachaimba mukumurumbidza nokusingaperi.

31 Uye izvi zvakaitwa “kumuganhu wenyika, kuti zvisasvike pakuzivikanwa namambo.

32 Asi tarisai, zvakaitika kuti mambo, nokuona kufamba-famba pakati pavanhu, akatuma varanda vake kuti vavatarise. Naizvozvo nemumwe musiwavakaungana pamwechete kuti vanzwe shoko raIshe vakaonekwa namambo.

33 Uye zvino mambo akati Aruma akanga achikuchidzira vanhu kuti vamupandukire; naizvozvo akatuma mauto ake kuti avaparadze.

34 Uye zvakaitika kuti Aruma nevanhu vaIshe “vakayambirwa nokuuya kwaiita mauto amambo; naizvozvo vakatora matende avo nemhuri dzavo vakaenda murenje.

35 Uye mukuverengwa vai-

24a Mabasa 20:33–35;
Mosaya 27:3–5;
Aruma 1:26.
25a NKM Kunamata.
26a NKM Nyasha.

^b NKM Ruzivo.
27a Mabasa 2:44–45;
4 Ni. 1:3.
29a NKM Famba, Famba
naMwari.

^b NKM Ruyamuro.
30a Mosaya 26:15.
31a Mosaya 18:4.
34a Mosaya 23:1.

kwana mweya mazana mana namakumi mashanu.

CHITSAUKO 19

Gideoni anotsvaka kuuraya Mambo Noa—MaRamani vanopinda kurwisa nyika—Mambo Noa anouraiwa nokupiswa—Rimuhai anotonga ari pasi pemumwe mambo. Zvingangove makore 145 kusvika ku121 Kristu asati azwarwa.

UYE zvakaitika kuti hondo yamambo yakadzoka, vakatsvaka vakashaya vanhu vaMwari.

2 Uye zvino tarisai, mauto amambo akanga ari mashoma, akange atapudzwa, uye pakatanga kuve nekutsaurana pakati peavo vakange vasara.

3 Uye avo vakange vari vashoma vakatanga kutyisidzira mambo, uye kukatanga kuve nekukakavadzana pakati pavo.

4 Uye zvino pakati pavo paive nemurume ainzi Gideoni, uye aive munhu ane simba ari muvengi wamambo, naizvozvo akatora munondo wake, akapika mukushatirwa kwake kuti achauraya mambo.

5 Uye zvakaitika kuti akarwa namambo; uye mambo paakawona kuti ave kuda kukurirwa, akatiza akakwira “pashongwe yaive pedyo netemberi.

6 Uye Gideoni akamutevera uye akange ave pekuti achikwira pashongwe kuti auraye mambo, uye mambo akatarisatarisa kunyika yeShemuroni,

uye tarisai, hondo yemaRamani yakange yatopinda munyika.

7 Uye zvino mambo akadaidzira nokusuwa kukuru kwe-mweya wake, achiti: Gideoni, usandiuraye, nokuti maRamani atove pamusoro pedu, uye vachatiparadza; hongu, vachaparadza vanhu vangu.

8 Uye zvino mambo akange asina hany’a nevanhu vake asi kuti upenyu hwake; zvisinei, Gideoni haana kumuuraya.

9 Uye mambo akati kuvanhu vake vatize maRamani, iye pachake akatungamira, uye vakatizira murenje, nemadzimai avo nevana vavo.

10 Uye zvakaitika kuti maRamani akavatandanisa, akavabata, vakatanga kuvauraya.

11 Zvino zvakaitika kuti mambo akavaudza kuti vose varume vasiye vakadzi vavo nevana vavo, uye vatize maRamani.

12 Zvino kwaive nevazhinji vakaramba kuvasiya, asi vaidakugara vagofa pamwechete navo. Uye vamwe vose vakasiyavakadzi vavo nevana vavo vakatiza.

13 Uye zvakaitika kuti avo vakasara nevakadzi vavo nevana vavo vakaita kuti vanasikana vavo vakanaka vamire vachichema kumaRamani kuti vasa-vauraye.

14 Uye zvakaitika kuti maRamani akavanzwira tsitsi, nokuti vakange vatorwa nerunako rwevakadzi vavo.

15 Saka maRamani haana kuzovauraya, uye ndokuvatora

sevasungwa ndokuvatakura vachienda navo kunyika yaNifai, ndokuvabvumira kuti vawane nyika yokugara, kana vachinge vabvuma kunoisa mambo Noa mumaoko emaRamani, nokuvapa pfuma yavo, kana chikamu chepakati nepakati chezvole zvavainazvo, chikamu chepakati chegoridhe ravo, nesirivha yavo, nezvole zvinokosha zvavo, uye ndiko kuterera kwavaizoita kuna mambo wamaRamani gore negore.

16 Uye zvino pavanhu vakange vatorwa muusungwa, paive nemumwe wevanakomana vamambo ainzi “Rimuhai.

17 Uye zvino Rimuhai akange asingade kuti baba vake vaparadzwe; zvakadaro, Rimuhai aiziva kutadza kwababa vake, iye pachake akange ari munhu akarurama.

18 Uye zvakaitika kuti Gideoni akatuma vanhu kuti vaende murenje pasina anoziva, kuti vanotsvaka mambo neavo vakange vainaye. Uye zvakaitika kuti vakasangana nevanhu ava murenje, vose kunze kwamambo nevakundisi vake.

19 Zvino vakanga vapika mumwoyo yavo kuti vanodzokera kunyika yaNifai, uye kana vakadzi vavo nevana vavo vakauriwa, neavo vakange vasara navo, kuti vachazotsvaka kutsividza, nekufa navo.

20 Uye mambo akavarambidza kudzokera; uye vakashatirirwa mambo, uye vakaita kuti

atambudzike, kana kusvika “pakufa nemoto.

21 Uye vakange vave kuda kutorawo vapirisita kuti vavauraye, ndokubva vatiza.

22 Uye zvakaitika kuti vakange vave kuda kudzokera kunyika yaNifai, uye ndokubva vasangana nevarume vaGideoni. Uye varume vaGideoni vakavataurira zvole zvakaitika kuvakadzi vavo nevana vavo; nokuti maRamani akavapa nyika yekugara nokutera kumaRamani chikamu chepakati nepakati chezvinhu zvole zvaivainazvo.

23 Uye vanhu vakataurira varume vaGideoni kuti vakanga vauraya mambo, uye vapirisita vake vakanga vatizira murenje mukati-kati maro.

24 Uye zvakaitika kuti mushure mekupedza musangano; vakadzokera kunyika yaNifai, vachifara, nokuti vakadzi vavo nevana vavo havana kunge vauriwa; uye vakataurira Gideoni zvavakange vaita mambo.

25 Uye zvakaitika kuti mambo wamaRamani akaita “mhiko kwavari, kuti vanhu vake havazovauraya.

26 Uye naiyewo Rimuhai, semwanakomana wamambo, akapiwa umambo “nevanhu, akapikawo kuna mambo wamaRamani kuti vanhu vake vachatera kwaari, kana chikamu chepakati chezvinhu zvole zvavainazvo.

27 Uye zvakaitika kuti Rimuhai akatangisa kumisa umambo

nokudzika runyararo pakati pevanhu vake.

28 Uye mambo wamaRamani akaisa varindi kumatunhu ose enyika, kuti vachengetedze vanhu vaRimuhai vari munyika, kuti vasatizire murenje; uye airiritira varindi vake nemutero waaiwana kuvanhu vemaNifai.

29 Uye zvino mambo Rimuhai akave nerunyararo muumambo hwake kwenguva yemakore maviri, maRamani havana kuvanetsa kana kutsvaka kuvaparadza.

CHITSAUKO 20

Vamwe vevanasikana vemaRamani vanopambwa nevapirisita vaNoa — MaRamani vanorwisa Rimuhai nevanhu vake — Vehondo dzemaRamani vanodzorwa nekudzikamiswa mumashure nokukatyandzwa. Zvingangove makore 145 kusvika ku123 Kristu asati azvarwa.

ZVINO muShemuroni maive nezvimbo yaiungana vanasikana vemaRamani kuti vaimbe, nekutamba, nekuzvifadza.

2 Uye zvakaitika kuti nerimwe zuva pakaungana vashoma vavo kuti vaimbe nekutamba.

3 Uye zvino vapirisita vamaambo Noa, nokunyara kudzokera kuguta raNifai, hongu, uye vachityawo kuti vanhu vangavauraye, naizvozvo havana kutomboedza kudzokera kuvakadzi vavo nevana vavo.

4 Uye vagara murenje, uye nokunge wawana vanasikana vemaRamani, vakahwanda vachivatarisa;

5 Uye apo vashoma vavo vakaungana pamwechete kuti vatambe, vakabva vabuda munzvimbo dzavo mavainge vakavanda uye ndokuvatora uye vakavatakura vakaenda navo murenje; hongu, vakatakura makumi maviri ane vana evanasikana vemaRamani vakaenda navo murenje.

6 Uye zvakaitika kuti maRamani pavakaona kuti vanasikana vavo vari kushaikwa, vakashatirirwa vanhu vaRimuhai, nokuti vakafunga kuti vanhu vaRimuhai.

7 Naizvozvo vakatumira hondo dzavo; hongu, kana mambo pachake akatungamira vanhu vake; uye vakaenda kunyika yaNifai kunoparadza vanhu vaRimuhai.

8 Uye zvino Rimuhai akange azviona kare ari panharire, kana kwose kugadzirira kwavo hondo akakuona; saka akaungandza vanhu vake pamwechete, ndokuvandira mumakura nemumasango.

9 Uye zvakaitika kuti apo maRamani akauya, vanhu vaRimuhai vakatanga kuvawira, vachibva munzvimbo dzavakange vakavavandira vakatanga kuvauraya.

10 Uye zvakaitika kuti hondo iyi yakapisa zvikuru ikarwadza, nokuti vakarwa seshumba dziri kurwira nyama yadzo.

11 Uye zvakaitika kuti vanhu vaRimuhai vakakurira maRamani vakavatinha; nyangwe vakange vasina kunge vakawanda kana chikamu chepakati nepakati semaRamani. Asi, “vakarwira

upenyu hwavo nevakadzi vavo, nevana vavo; naizvozvo vaka-zviwisira vakarwa sezvikara.

12 Uye zvakaitika kuti vakawana mambo wemaRamani ari mukati meavo vakange vafa, asi akange asina kufa, akange akuvadzwa akasiwa pasi, nokuti vanhu vake vakamhanya zvisingaitike mukutiza kwavo.

13 Uye vakamutora vakasunga maronda ake, vakaenda naye kuna Rimuhai, uye vakati: Tarisai, houno mambo wemaRamani; iye nokunge akuvara awira muvanhu vavo vafa, uye vamusiya; uye tarisai, tauya naye kwamuri; uye zvino ngatimuurayei.

14 Asi Rimuhai akati kwavari: Hamumuuraye, asi muuisei pano kuti ndimuone. Uye vakamuusa. Uye Rimuhai akati kwaari: Chikonzero chako chekuita hondo nevanhu vangu chii? Tarisai, vanhu vangu havana kutyora “chitsidzo chandakaita kwaari; naizvozvo, sei iwe watyora chitsidzo chawakaita kuvanhu vangu?

15 Uye zvino mambo akati: Ndakatyora chitsidzo chacho nokuti vanhu vako vakatiza nevanasikana vevanhu vangu; naizvozvo, mukushatirwa kwangu ndakaita kuti vanhu vangu vaite hondo nevanhu vako.

16 Uye zvino Rimuhai hapana chaakanga anzwa maererano nenyaya iyi; naizvozvo akati: Ndichatsvaga mukati mevavhu vangu akaita izvi uye kana

ndiani zvake akaita chinhu ichi achafa. Naizvozvo akaita kuti kutsvagwe pakati pevanhu vake.

17 Zvino “Gideoni paakanzwa zvinhu izvi, iye ari mutungamiri wemauto amambo, akaenda akanoti kuna mambo: Ndinokumbira kuti mumbomira, uye musanotsvaka munhu akaita izvi, uye musavape mhosva iyi.

18 Nokuti hamuchayeuka here vapirisita vababa venyu, avo vaida kuparadzwa nevanhu ava? Uye handiti vari murenje? Uye ko havazivo here vakapamba vanasikana vamaRamani?

19 Uye zvino, tarisai, taurirai mambo zvinhu izvi, kuti agota-urira vanhu vake kuti varege kutirwisa; nokuti tarisai vari kutogadzirira kuzotirwisa zvakare; uye tarisai kuti isu tangosara vashoma.

20 Uye tarisai, vanouya nevanhu vavo vakawanda; uye kunze kwekunge mambo avanyaradza kuti vasatirwise tichapera.

21 Nokuti mazwi aAbhinda-dhai haana “kuzadzikiswa here, aakaporofita pamusoro pedu— uye zvose izvi zvichiitika nenzi- ra yekuti takaramba kuteerera mazwi aIshe, uye kuti tibve muzvitadzo zvedu?

22 Uye zvino ngatichinyaradzai mambo, uye tizadzikise chitsidzo chatakaita kwaari; nokuti zviri nani kuti tive muusungwa pane kuti tirasikirwe neupenyu hwedu; naizvozvo, ngatichimisai zvekudeura ropa rakawanda kudai.

23 Uye zvino Rimuhai akataurira mambo zvose zvakaitwa nababa vake, “nezvevapirisita vakanga vatizira murenje, uye akati ivava ndivo vakange vapamba vanasikana vavo.

24 Uye zvakaitika kuti mambo akanyaradzwa akavaitira tsitsi; uye akati kwavari: Handei tinosangana nevanhu vangu, musina zvombo; uye ndinokupikirai nechitsidzo kuti vanhu vangu havazouraya vanhu venyu.

25 Uye zvakaitika kuti vakatevera mambo, vakaenda naye kunosangana namaRamani. Uye zvakaitika kuti vakasangana nemaRamani; uye mambo wamaRamani akazvirereka pamberi pevanhu vake, uye akareverera nokukumbirira vanhu vaRimuhai.

26 Uye maRamani zvavakaona vanhu vaRimuhai, kuti vakanga vasina zvombo, vakavanzwira “tsitsi vakanyaradzwa, uye vakadzokera nerunyararo kunyika kwavo namambo wavo.

CHITSAUKO 21

Vanhu vaRimuhai vanorangwa nokukurirwa namaRamani—Vanhu vaRimuhai vanosangana naAmoni vachibva vatendeutswa—Vanotaurira Amoni nezvemakumi maviri anemana emahwendefa emaJaredhi. Zvingangove makore 122 kusvika ku121 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti Rimuhai nevanhu vake vakadzokera kuguta reNifai, uye vakatanga

kugara munyika umu zvakare murunyararo.

2 Uye zvakaitika kuti mushure memazuva akati kuti maRamani akatanga zvakare kutsvaga kudenha maNifai, vakatanga kuuya kumuganhu wenyika nematunhu akakomberedza.

3 Zvino havaikwanisa kuvauraya, nenzira yechitsidzo chakange chaitwa kuna Rimuhai namambo wavo; asi vaivarova “pamatama, nekuratidza simba rekuvatonga; uye vakatanga kuvatakudza ^bmitoro inorema pamisana yavo, nokuvatinha sevari kutinha mbongoro isingataure—

4 Hongu, zvose izvi zvakaitwa kuti mashoko aIshe azadzikiswe.

5 Uye zvino kutambudzika kwemaNifai kwakakura, uye pakanga pasina nzira yekuti vangazvibvise mumaoko avo, nokuti maRamani akange avakomberedza kumativi ose.

6 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatanga kunyunyuta namambo nenzira yekutambudzika kwavo; uye vakatanga kuda kuti vaende kuhondo vanovarwisa. Uye vakanetsa mambo zvinorwadza nekutaura kwavo; naizvozvo akavabvumira kuti vaite maererano nekuda kwavo.

7 Uye vakaunganidzana pamwechete zvakare, vakashonga nhumbi dzavo dzehondo, uye vakanorwisa maRamani kuti vavabvise munyika mavo.

8 Uye zvakaitika kuti maRamani akavakunda, vakavatinhira shure, vakauraya vazhinji vavo.

23a Mosaya 19:21, 23.

26a NKM Kunzwa Tsitsi.

21 3a Mosaya 12:2.

b Mosaya 12:5.

9 Uye zvino kwakave “neku-chemema kukuru nokuzvichema pakati pevanhu vaRimuhai, shirikadzi ichichemera murume wayo, mwanakomana nemwanasikana vachichema baba vavo, vanin’ina vachichema vakoma vavo.

10 Zvino kwakave neshirikadzi dzakawanda munyika umu, uye vaichema zvikuru zuva nezuva; nokuti vakange vabatwa nokutya maRamani zvikuru.

11 Uye zvakaitika kuti kuramba kwavo vachichema kwakamutsa vanhu vaRimuhai vakange vasara kuti vashatirwe vade kurwisa maRamani; uye vakaenda kunorwa zvakare, asi vakatinhirwa shure zvakare, vakarasikirwa zvikuru.

12 Hongu, vakaenda zvakare kana kechitatu, vakakundwa sezvavakamboitwa; uye avo vakanga vasina kuuruiwa vadzokera zvakare kuguta reNifai.

13 Uye vakazvirereka kusvika muvhu, vakazviisa pasi pejoki reusungwa, vachibvuma kurohwa, nokutinhirwa uko kana apo, nokuremedzwa, maerera no nokuda kwevavengi vavo.

14 Uye “vakazvirereka kana kusvika pakadzama pekupfava; uye vakachema zvikuru kuna Mwari; hongu, kana muswere wose vaichema kuna Mwari vavo kuti vavabvise mumatambudziko avo.

15 Uye zvino Ishe “vakanonoka kunzwa kuchema kwavo pamusoro pezvitema zvavo; zvaka-

darwo Ishe vakanzwa kuchema kwavo, uye vakatanga kupfavisisa mwoyo yemaRamani zvekuti vakatangisa kurerutsa mitoro yavo; asi Ishe havana kuona zvakafanira kuti vavabvise muusungwa.

16 Uye zvakaitika kuti vakatanga kubudirira zvishoma nezvishoma munyika umu, vakatanga kukudza mbeu dzakawanda, nematanga, zvekuti havana kutambudzwa nenzara.

17 Zvino vakadzi vakange vakawanda kupfuura varume; naizvozvo mambo Rimuhai akataura kuti wose murume akafanira “kupa kuti kuriritirwe ^bshirikadzi nevana vadzo, kuti vasafe nenzara; uye vakaita izvi pamusana pekukura kwehuwandu hwevanhu vavo vakanga vauraiwa.

18 Zvino vanhu vaRimuhai vaigara vari pamwechete vakabatana nepose pavaikwanisa, uye vakachengetedza mbeu dzavo nezvipfuyo zvavo.

19 Uye mambo pachake haaziinzva pasina rusvingo rweguta, kunze kwekunge atoenda nevarindi vake, achitya kuti angangoerekana awira mumako emaRamani.

20 Uye akaita kuti vanhu vake vagare vakatarisa munzvimbo dzose dzakakomberedza, kuti nedzimwe nzira vangabate vapirisita vaye vakatizira murenje, vakange vapamba “vanasikana vemaRamani, uye vari vakaita kuti vaparadzwe zvakaipa kudai.

9a Mosaya 12:4.
14a Mosaya 29:20.
NKM Akazvininipisa.

15a Zir. 15:29;
Mosaya 11:23–25;
D&Z 101:7–9.

17a Mosaya 4:16, 26.
^b NKM Shirikadzi.
20a Mosaya 20:5.

21 Nokuti vaida kuti vavabate vagovaranga; nokuti vakange vapinda munyika yemaNifai neusiku, uye vakaba mbeu dzavo nezvizhinji zvezvinhu dzavo zvinokosha; naizvozvo vakavavandira.

22 Uye zvakaitika kuti pakange pasisina kukanganisana pakati pemaRamani nevanhu vaRimuhai, kana kudakara kusvika nguva yakauya “Amoni nehama dzake munyika umu.

23 Uye mambo zvaakanga ari kunze kweguta nemurindi wake, akaona Amoni nehama dzake; uye akavafungira kuti vapirisita vaNoa saka akaita kuti vabatwe uye vatorwe, vasingwe, uye vakandwe “mutirongo. Uye dai vakange vari vapirisita vaNoa angadai akaita kuti vauraiwe.

24 Asi paakaona kuti havazivo, asi kuti ihama dzake, uye vakanga vabva kunyika yeZarahemura, akazadzwa nerufaro rwukuru kwazvo.

25 Zvino mambo Rimuhai akange ambotumira Amoni asati auya, vanhu “vashoma kuti^bvanotsvaka nyika yeZarahemura; asi havana kuiwana, uye vakarasika murenje.

26 Zvisinei, vakawana nyika yakambenge iine vanhu; hongu, nyika yakange izere “nemapfupa akaoma; hongu, nyika yakambenge iine vanhu uye ikaparadzwa; uye ivo, vachifunga kuti inyika yeZarahemura, vakadzokera kunyika yaNifai,

vakasvika mazuva mashoma Amoni asati auya.

27 Uye vakauya nezvinyorwa, kana zvinyorwa zvevanhu vane mapfupa avakawana; uye zvakanyorwa pamahwendefa esimbi.

28 Uye zvino mambo Rimuhai akazadzwa zvakare nemufaro paakanzwa Amoni achitaura nemuromo wake kuti mambo Mosaya aiva “nechipo chakabva kuna Mwari, icho chaita kuti akwanise kududzira zvinyorwa zvakadai; hongu, naAmoni akafarawo.

29 Asi Amoni nehama dzake vakazadzwa nokusuwa nokuti hama dzavo dzakawanda dzakange dzauriwa.

30 Uye nokutiwo mambo Noa nevapirisita vake vakange vaita kuti vanhu vaite zvitema nezvakaipa zvakawanda kudaro pamberi paMwari; uye vakachemawo “kufa kwaAbhinadhai; ^bnekuendawo kwaAruma nevanhu vakaenda naye, vakanga vavamba chechi yaMwari nesimba raMwari, norutendo mumazwi akataurwa naAbhinadhai.

31 Hongu, vakachema kuenda kwavo, nokuti havana kuziva kwavakanga vatizira. Zvino vakange vofara kuti vabatane navo, nokuti ivo pachavo vakanga vapinda muchibvumirano naMwari chokumushandira noku-chengetedza mirairo yavo.

32 Uye zvino kubvira kuya kwakaita Amoni, mambo

22a Mosaya 7:6–13.

23a Hir. 5:21.

25a Mosaya 8:7.

^b Mosaya 7:14.

26a Mosaya 8:8.

28a Omu. 1:20–22;

Mosaya 28:11–16.

30a Mosaya 17:12–20.

^b Mosaya 18:34–35.

Rimuhai akapindawo muchibvumirano naMwari, nevazhinjiwo vevanhu vake, kumushandira nekuchengetedza mirairo yavo.

33 Uye zvakaitika kuti mambo Rimuhai nevazhinji vevanhu vake vakadisa kuti vabhabhatidzwe; asi hamuna munhu munyika umu aive “nemvumo kubva kuna Mwari yokuzviita. Uye Amoni akaramba kuzviita, achizviona semuranda asina kukodzera.

34 Naizvozvo panguva iyoyo havana kuzviita kuti vave chechi, vachimirira Mweya waIshe. Zvino vakada kuita kana saAruna nehama dzake, avo vakatizira murenje.

35 Vakange vachida kubhabhatidzwa sokupupura kuti vanoda kushandira Mwari nemwoyo yavo yose; zvisinei vakatora nguva refu; uye kubhabhatidzwa kwavo “kuchataurwa mushure mezvizvi.

36 Uye zvino zvose zvekudzidza kwaAmoni nevanhu vake, uye mambo Rimuhai nevanhu vake, kwaive kuti vazvibvise ivo pachavo mumaoko emaRamani nemuusungwa.

CHITSAUKO 22

Kunorongwa kuti vanhu vatize muusungwa hwemaRamani—MaRamani vanoitwa kuti vararadze—Vanhu vanotiza, vodzokera kuZarahemura, uye vobva vave pasi pamambo Mosaya. Zvingangove makore 121 kusvika ku120 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Amoni namambo Rimuhai vakatangisa kubvunza vanhu kuti vangaitei kuti vazvibvise muusungwa; uye vakaita kuti vanhu vaungane pamwechete; uye vakaita izvi kuti vanzwe kuti vanhu vanotii nezvenyaya iyi.

2 Uye zvakaitika kuti vakashaya nzira yekuti vangazvisunungure nayo kubva muusungwa, kunze kwekuti vakatora vakadzi vavo nevana, nematanga avo, nematende avo, uye voenda murenje; nokuti nekuwanda kwakaita maRamani, hazvaiita kuti vanhu vaRimuhai vavarwise, vachifunga zvekuzvinunura muusungwa neminondo.

3 Zvino zvakaitika kuti Gideoni akaenda akanomira pamberi pamambo, akati kwaari: Zvino imi mambo, kusvika zvino mange muchiteerera kumazwi angu kazhinji patange tichinetsana nehama dzedu, maRamani.

4 Uye zvino imi mambo, kana makandiwana ndiri muranda asingayamure, kana kuti kusvika zvino makanditeerera pane zvandaitaura zvishomazvo, uye zviri zvinhu zvakakuyamurai, kana zvakadaro ndinoda kuti dai mateerera mazwi angu nguva ino, uye ndichave muranda wenyu uye ndigobvisa vanhu ava muusungwa.

5 Uye mambo akamubvumira kuti ataure. Uye Gideoni akati kwaari:

6 Tarisai kumupata weseri, unopinda nemusvingo yeseri,

seri kweguta. MaRamani, kana virindi vemaRamani, usiku vanenge vakararadza; naizvozvo ngatitumirei shoko kuvanhu ava vose kuti vaunganidze matanga avo, kuti vagoatinhira murenje usiku.

7 Uye ini ndichaenda sekundituma kwenyu ndonopa maRamani waini yekupedzisira, uye vararadza; isu tobva tapfuura nepamupata wakavanzika nechekuruboshwe kwemusasa vavo varere vakararadza.

8 Ndiko kubva kwatinoita nevakadzi vedu nevana vedu, matanga edu toenda murenje; totora nzira inotenderera nekunyika yeShiromu.

9 Uye zvakaitika kuti mambo akateerera kumazwi aGideoni.

10 Uye mambo Rimuhai akaita kuti vanhu vake vaunganidze zvipfuyo zvavo pamwechete; ndokutumira mutero wewaini kumaRamani; uye akatumirazve imwe waini, sechipi kwavari; uye vakanwa vakasununguka waini yavakanga vatumirwa namambo Rimuhai.

11 Uye zvakaitika kuti vanhu vamambo Rimuhai vakabva usiku vakaenda murenje nematanga avo, uye vakaenda nenzira yaitenderera nekuShiromu nemurenje, uye vakananga nzira yavo vachienda kunyika yeZarahemura, vachitungamirwa naAmoni nehama dzake.

12 Uye vakange vatora rose ghoridhe ravo, nesirivha, nezvinhu zvavo zvinokosha, zvavaiwanisa kutakura, nezvembuva

yavowo, vachienda murenje; uye vakateedza rwendo rwavo.

13 Uye mushure memazuva mazhinji vari murenje vakasvika munyika yaZarahemura, vakabva vabatana nevanhu vaMosaya, vakave pasi pake.

14 Uye zvakaitika kuti Mosaya akavagashira nekufara; uye akatambirawo “zvinyorwa zvavo, ^bnezvinyorwawo zvakanikwa nevanhu vaRimuhai.

15 Uye zvino zvakaitika kuti maRamani pavakaona kuti vanhu vaRimuhai vatiza usiku kubva munyika iyi, vakatumira hondo murenje kuti ivatevere;

16 Uye mushure mekuvatevera kwemazuva maviri, vakashaya tsoka dzavo; naizvozvo vakarasika murenje.

Nyaya yaAruma nevanhu vaIshe, vakatandanisirwa murenje nevanhu vamambo Noa.

Zvichisanganisa zvitsauko 23 ne24.

CHITSAUKO 23

Aruma anoramba kuve mambo—Anoshanda semupirisita wepamusoro—Ishe anoranga vanhu vake, uye maRamani anokunda nyika yeHerami—Amuroni, mutungamiri wevapirisita vakaipa vaNoa, anotonga ari pasi pamambo wamaRamani. Zvingangove makore 145 kusvika ku121 Kristu asati azvarwa.

ZVINO Aruma, ayambirwa

naIshe kuti hondo dzamambo Noa dzichauya kuzovarwisa, uye audza vanhu vake, naizvozvo vakaunganidzana pamwechete nezvipfuyo zvavo, ndokutora kudya kwavo, ndokubva vatizira murenje vachitiza hondo dzamambo Noa.

2 Uye Ishe akavasimbisa, zvekuti vanhu vamambo Noa vakatadza kuvabata kuti vava-paradze.

3 Uye vakatiza vakafamba rwendo rwemazuva masere vari murenje.

4 Uye vakasvika mune nyika, hongu, nyika inofadza yakana-ka zvikuru, uye nyika yemvura yakachena.

5 Uye vakadzika matende avo, ndokubva vatanga kurima, uye vakatanga kuvaka dzimba; hongu, vaive vabati, uye vaishanda zvikuru.

6 Uye vanhu vakada kuti Aruma ave mambo wavo, nokuti aive munhu aidiwa nevanhu vake.

7 Asi akati kwavari: Tarisai, hazvina kufanira kuti tive namambo; nokuti ndiko kutura kwaIshe: "Musazove nemumwe munhu anonzi mukuru pane mumwe, kana hapana achafunga kuti ari pamusoro panhingi; naizvozvo ndinoti kwamuri hazvifanire kuti muve namambo.

8 Zvisinei, dai zvaitika kuti muwane vanhu vakarurama nguva dzose kuti vave madzi-

mambo enyu zvainge zvakanaka kuti muite mambo.

9 Asi rangarirai "kuipa kwamambo Noa nevapirisita vake; uye ini pachangu ndakabatwa^b mumusungu wacho, ndikaita zvinhu zvakange zvakaipa pamberi paIshe, zvinhu izvozvo zvikandirwadzisa mukutendeka kwangu.

10 Zvisinei, mushure "meku-netseka kukuru, Ishe vakanzwa kuchema kwangu, uye akapindura minamoto yangu, uye vakandiita mudziyo uri mumaoko avo wekuunza^b vakawanda venyu muruzivo rwechokwadi chake.

11 Zvisinei, mune izvi handina kubwinya, nokuti handina kukodzera kuti ndizvirumbidze ini pachangu.

12 Uye zvino ndinoti kwamuri, mange makadzvinzirwa namambo Noa, uye mange muri muusungwa kwaari nokuvapirisita vake, uye mukapinzwa mukuipa navo; naizvozvo manga makasungwa "nemajoto echitadzo.

13 Uye zvino zvamakaburitswa mumajoto aya nesimba raMwari; hongu, kana nemumaoko amambo Noa nevanhu vake, nemajoto ekuipa, kana izvozvi ndinodisa kuti "mumire makagwinya^b mukusunungurwa uku, nokutiwo 'musambovimba nemunhu kuti ave mambo wenyu.

14 Uye musavimbe nemunhu

23 7a Mosaya 27:3-5.
9a Zir. 16:12;
Mosaya 11:1-15.
b Mosaya 17:1-4.

10a D&Z 58:4.
b Mosaya 18:35.
12a 2 Ni. 28:19-22.
13a VaG. 5:1.

b NKM Rusununguko.
c Mosaya 29:13.

kuti ave “mudzidzisi wenyu kana muparidzi, kunze kwekunge ari munhu waMwari, anofamba munzira dzavo achiche-ngetedza mirairo yake.

15 Zvino ndiko kudzidzisa kwakaita Aruma vanhu vake, kuti wose munhu akafanira “kuda muvakidzani wake sekuda kwaanozviita iye pachake, kuti pakati pavo hapafanire kuve ^bnekupesana.

16 Uye zvino Aruma akange ari mupirisita wavo “wepamusoro, iye ariye akatanga chechi yavo.

17 Uye zvakaitika kuti hapana akatambira “mvumo yekuparidza kana kudzidzisa kunze kwekunge atozvipiwa naiye zvichibva kuna Mwari. Naizvozvo akagadza vose vapirisita vavo nevole vadzidzisi vavo; uye hakuna vaigadzwa kunze kwekunge vari vanhu vakarurama.

18 Naizvozvo vakatarisa vanhu vavo, uye “vakavariritira mukururama kwavo.

19 Uye zvakaitika kuti vakatanga kubudirira zvikuru mukati menyika; uye vakadaidza nyika iyi kuti Herami.

20 Uye zvakaitika kuti vakatanga kuwanda nokubudirira zvikuru munyika yeHerami; uye vakavaka guta, ravakadaidza kuti guta reHerami.

21 Zvisinei Ishe vakaona zvakafanira kuti “varange vanhu

vavo; hongu, vanoedza ^bmwoyo murefu wavo norutendo rwavo.

22 Zvisinei—ani nani zvake achaisa “ruvimbo rwake mavari iyeyo ^bachasimudzwa muzuva rekupedzisira. Hongu, ndizvo zvazvakange zvakaita nevanhu ava.

23 Nokuti tarisai, ndichakuratidzai kuti vakauiswa muusun-gwa, uye hakuna aikwanisa kuvanunura asi Ishe Mwari vavo, hongu, kana ivo Mwari vaAbrahama naIsaka naJakobo.

24 Uye zvakaitika kuti vakavapunyutsa, uye vakaratidza simba ravo guru kwavari, uye vakafara zvikuru.

25 Nokuti tarisai, zvakaitika kuti zvavakange vari munyika yeHerami, hongu, muguta reHerami, vachirima minda mumatunhu, tarisai hondo yemaRamani yakange ichimira-mira kumiganhu yenyika.

26 Zvino zvakaitika kuti hama dzaAruma dzakatiza kubva kuminda yavo, uye vakaungana pamwechete muguta reHerami; uye vakange vachitya zvikuru nenzira yekuona maRamani.

27 Asi Aruma akaenda akano-mira pakati pavo, akavakurudzira kuti vasatye, asi kuti vakafanira kurangarira Ishe Mwari vavo uye vanovasunungura.

28 Naizvozvo vakatsigisa hana dzavo vakasatya, vakatanga kuchema kuna Ishe kuti aite kuti mwoyo yemaRamani ipfave,

14a Mosaya 18:18–22.

15a NKM Rudo.

^b 3 Ni. 11:28–29.

16a Mosaya 26:7.

17a NKM Mvumo;

Hupirisita.

18a I Tim. 4:6.

21a Hir. 12:3; D&Z 98:21.

NKM Kuranga.

^b NKM Mwoyo Murefu.

22a NKM Vimba.

^b 1 Ni. 13:37.

kuti vasavauraye, nevakadzi vavo, nevana vavo.

29 Uye zvakaitika kuti Ishe vakaita kuti mwoyo yemaRamani ipfave. Uye Aruma nehama dzake vakaenda vakagonozviisa pachavo mumaoko avo; uye maRamani akabva atora nyika yeHerami.

30 Zvino hondo dzemaRamani, dzakange dzatevera vanhu vamambo Rimuhai, vakange varasika murenje kwemazuva mazhinji.

31 Uye tarisai, vakange vawana vapirisita vava vamambo Noa, vari munzvimbo yavaidaidza kuti Amuroni; vakanga vatanga kutora nyika yeAmuroni uye vatangisawo kurima minda.

32 Zvino zita remutungamiri wevapirisita ava rainzi Amuroni.

33 Uye zvakaitika kuti Amuroni akanyengetedza maRamani; uye akatumira vakadzi vavo, avo vakanga vari “vanasikana vemaRamani, kuti vanyengetedze hanzvadzi dzavo kuti dzisaparadze varume vavo.

34 Uye maRamani akanzwira “tsitsi Amuroni nehama dzake, vakasavaparadza, pamusana pevakadzi vavo.

35 Uye Amuroni nehama dzake vakabatana nemaRamani, uye vaifamba murenje vachitsvaka nyika yaNifai pavakawana nyika yeHerami, yakange iri yaAruma nehama dzake.

36 Uye zvakaitika kuti maRamani akavimbisa Aruma nehama dzake, kuti kana vavaratidza nzira inoenda kunyika

yaNifai vanobva vavapa upenyu hwavo nerusununguko rwavo.

37 Asi mushure mekunge Aruma avaratidza nzira yaienda kunyika yaNifai maRamani haana kuchengeta chivimbiso chavo; asi vakaisa “varindi avo kuti vatarise nyika yeHerami, zvose naAruma nehama dzake.

38 Uye vamwe vavo vakange vasara vakaenda kunyika yaNifai; uye chimwe chikamu chikadzokera kunyika yeHerami, vakaunzawo vakadzi nevana vevarindi vakange vasiwa.

39 Uye mambo wemaRamani akange abvumira kuti Amuroni ave mambo nemutongi wevanhu vekwake, vakange vari munyika yeHerami; zvakadaro akange asina simba rekuita zvisingadiwe namambo wemaRamani.

CHITSAUKO 24

Amuroni anotambudza Aruma nevanhu vake—Vanozouraiwa kana vakanamata—Ishe anoita kuti mitoro yavo inge yakareruka—Anovabvisa muusungwa, uye ndokubva vadzokera kuZarahemura. Zvingangove makore 145 kusvika ku120 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti Amuroni akawana mufaro pamberi pamambo wemaRamani; naizvozvo, akati iye nevanhu vake vave vadzidzisi vemaRamani, hongu, kana vevanhu vaiva munyika yeShemuroni, nemunyika yeShiromu, nemunyika yaAmuroni.

2 Nokuti maRamani akanga atora nyika dzose idzi; naizvo-zvo, mambo wemaRamani akange agadza madzimambo munyika dzose idzi.

3 Uye zvino zita ramambo wemaRamani ainzi Ramani, achidaidzwa nezita rababa wake; naizvozvo aidaidzwa kuti mambo Ramani. Uye akange ari mambo wevanhu vakawanda.

4 Uye akagadza hama dza-Amuroni kuti vave vadzidzisi munyika dzose dzine vanhu vake; uye ndiko kudzidziswa kwakaitwa mutauro waNifai mukati mevanhu vose vema-Ramani.

5 Uye vaive vanhu vakanga vachinzwana; zvisinei vakanga vasingazive Mwari; kana hama dzaAmuroni hadzina chadzakavadzidzisa maererano nezva-Ishe Mwari vavo, kana mutemo waMosesi, kana kuvadzidzisa mazwi aAbhinadhai;

6 Asi vakavadzidzisa kuti vachengete zvinyorwa zvavo, nokuti vapote vachinyorerana.

7 Uye ndiko kutanga kuwanda kweupfumi hwemaRamani, uye vakatanga kutengeserana nokutengerana uye vakasimba, uye vakatanga kuve vanhu vakachenjera nokunyengedza, muungwaru hwenyika, hongu, vanhu vainyengedza zvikuru, netsika dzose dzetsvina noku-pamba, kunze kwekunge zviripakati pavo nehama dzavo.

8 Uye zvino zvakaitika kuti Amuroni akatanga kuratidza

“simba rake kuna Aruma nehamadzake, akatanga kuvatambudza, uye akaita kuti vana vake vanetse vana vavo.

9 Nokuti Amuroni aiziva Aruma, kuti aimbenge ari “mumwe wevapirisita vama-mbo, nokutiwo ndiye akanga ari uye akatandaniswa namambo nepamusana pekutenda mazwi akataurwa naAbhinadhai, nokudaro akanga akamushatirirwa; nokuti akanga ari pasi pamambo Ramani, asi aive nesimba kwavari, uye achivapa^b mabasa ekuita, nekuvaisira vanovatarisa kana vachiita basa.

10 Uye zvakaitika kuti dambudziko ravo rakakura zvekuti vakatanga kuchema zvikuru kuna Mwari.

11 Uye Amuroni akavati vakafanira kuti varege kuchema kwavo; uye ndokuisa varindi vake kuti vavatarise, kuti ani zvake anenge awanikwa achidaidza Mwari anouraiwa.

12 Uye Aruma nevanhu vake havana kusimudzira mazwi avo kuna Ishe Mwari vavo, asi “vakadira mwoyo yavo kwavari; uye iye vakaziva pfungwa dzemwoyo yavo.

13 Uye zvakaitika kuti izwi raIshe rakauya kwavari mumatambudziko avo, richiti: Simudzai misoro yenyu uye munzwe kunyaradzwa, nokuti ndinoziva chibvumirano chamakaita kwandiri; uye ndichabvumirana nevanhu vangu ndigovabvisa muusungwa.

24 8a D&Z 121:39.

b Mosaya 21:3-6.

9a Mosaya 17:1-4; 23:9.

12a NKM Munamoto.

14 Uye ndicharerutsa mitoro inoiswa pamapfudzi enyu, zve-kuti imi hamuzoinzwa kurema kana dai iri kumisana yenyu, kana dai muri muusungwa; uye izvi ndinozviiita kuti mugove “vapupuriri vangu ndabva pano, uye kuti mugoziva nechokwadi kuti ini Ishe Mwari, ndinoshanyira vanhu vangu ^bmumatambudziko avo.

15 Uye zvino zvakaitika kuti mitoro yakaiswa pana Aruma nehama dzake yakarerutswa, hongu, Ishe ^avakavasimbisa kuti vatakure ^bmitoro yavo nyorenyore, uye vagozviiisa pasi pavo norufaro ‘nemwoyo murefu kune zvose zvaida Ishe.

16 Uye zvakaitika kuti rute-ndo rwavo nokugadzikana kwavo zvakakura zvekuti izwi raIshe rakauya kwavari zvakare, richiti: Ivai norufaro rwakanaka, nokuti mangwana ndichakubvisai muusungwa.

17 Uye vakati kuna Aruma: Uchaenda mberi kwevanhu ava, uye ndichaenda newe uye ndigonunura vanhu ava ^amuusungwa.

18 Zvino zvakaitika kuti Aruma nevanhu vake neusiku vakaunganidza zvipfuyo zvavo zvose, nezvirimwa zvavo; hongu, kana neusiku hwose vakanga vachiunganidza zvipfuyo zvavo.

19 Uye rungwanani Ishe vakaita kuti maRamani akotsire hope ^adzekufa chaidzo, hongu, uye vose vaivatarisa pakuita

mabasa avo vakakotsira kukotsira kwakadzama chaizvo.

20 Uye Aruma nevanhu vake vakaenda murenje; uye mushure mekufamba muswere wose vakadzika matende avo munhika, uye vakaidza nhika iyi kuti Aruma, nokuti ndiye akavatumirira nzira yavo murenje.

21 Hongu, uye munhika ya-Aruma “vakatenda Mwari nokutenda kukuru nenzira yekuti vakanga vavanzwira tsitsi, vakarerutsa mitoro yavo, uye vakange vavabvisa muusungwa; nokuti vakange vari muusungwa, uye hapana aigona kuvabvisa kunze kwekunge vari Ishe Mwari vavo.

22 Uye vakapa kutenda kuna Mwari, hongu, vose varume, nevakadzi vose nevana vose vaikwanisa kutaura vakasimudza mazwi avo mukukudza Mwari vavo.

23 Uye zvino Ishe vakati kuna Aruma: Kurumidza iwe utore iwe nevanhu ava mubve munyika muno, nokuti maRamani amuka uye ave kukuteverai; saka ibvai munyika muno, uye ndichamisa maRamani munhika muno kuti vasapfuure pano mukutevera kwavo vanhu ava.

24 Uye zvakaitika kuti vakabva munhika umu, vakatora rwendu rwavo vakananga murenje.

25 Uye mushure memazuva gumi nemaviri vave murenje vakasvika munyika yaZarahe-mura; uye mambo Mosaya akavagashira nomufaro.

14a NKM Mupupuri.

^b NKM Matambudziko.

15a Mat. 11:28–30.

^b Aruma 31:38; 33:23.

^c D&Z 54:10.

NKM Mwoyo Murefu.

17a NKM Hunhapwa.

19a I Sam. 26:12.

21a NKM Kupakutendo.

CHITSAUKO 25

Zvizvarwa zvaMureki kuZarahemura vanove maNifai—Vanonzwa nezvevanhu vekwaAruma neve-Zenifi—Aruma anobhabhatidza Rimuhai nevanhu vake vose—Mosaya anopa simba Aruma kuti aro-nge Chechi yaMwari. Zvingangove makore 120 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino mambo Mosaya akaita kuti vanhu vose vaungane pamwechete.

2 Zvino vana vaNifai vakange vasiri vazhinji, kana avo vakange vari zvizukuru zvaNifai, vakanga vasina kuwanda zvakaita “vanhu vaZarahemura, akange ari wechizukuru ^bchamureki, neavo vakange vaenda naye murenje.

3 Uye vanhu vaNifai vakasangana nevanhu vaZarahemura vakanga vasina kuwanda zvakanga zvakaita maRamani; hongu, havaisvika kana chikamu chepakati chavo mukuwanda.

4 Uye zvino vose vanhu vaNifai vakaungana pamwechete, nevosewo vanhu vaZarahemura, uye vakange vakaungana vari muzvikwata zviviri.

5 Uye zvakaitika kuti Mosaya akaverenga, uye akaita kuti kuverengwe, zvinyorwa zvaZenifi kuvanhu vake; hongu, akaverenga zvinyorwa zvevanhu vaZenifi, kubvira panguva yavakabva munyika yeZarahemura kusvika panguva yavakadzoka zvakare.

6 Uye akaverengawo rungano rwaAruma nehama dzake, nematambudziko avo ose, kubvira panguva yavakabva munyika yeZarahemura kusvika panguva yavakadzoka zvakare.

7 Uye zvino, apo Mosaya akapedza kuverenga zvinyorwa, vanhu vake vaigara munyika iyi vakashamiswa zvikuru nokukatyamara.

8 Nokuti havana kuziva kuti vofungei; nokuti pavakaona avo vakange “vabviswa muusungwa vakazadzwa nomufaro mukuru.

9 Uye zvakare, pavakafunga nezvehama dzavo dzakauraiwa nemaRamani vakazadzwa nokusuwa, uye vakachema misodzi yekusuwa.

10 Uye zvakare, pavakafunga nekunaka kwaMwari kwavakanga vachiona, nesimba ravo mukubvisa Aruma nehama dzake mumaoko emaRamani nemuusungwa, vakasimudza mazwi avo vakatenda kuna Mwari.

11 Uye zvakare, pavakafunga nezvemaRamani, vakange vari hama dzavo, kuipa kwavo neupenyu hwakasviba, vakazadzwa “nekurwadzwa uye neku-shushikana pamusoro pezvema-gariro akanaka ^bemweya yavo.

12 Uye zvakaitika kuti avo vakange vari vana vaAmuroni nehama dzake, vakange varora vanasikana vemaRamani, havana kufadzwa nekuita kwemadzibaba avo, uye vakati havachadaidzwa nemazita ema-

25 *2a* Omu. 1:13–19.

b Hir. 6:10.

NKM Mulek.

8*a* Mosaya 22:11–13.

11*a* Mosaya 28:3–4;

Aruma 13:27.

b NKM Mweya (Mweya neMuviri)—Kukosha kwemweya.

dzibaba avo, naizvozvo vakatora zita raNifai, kuti vagodaidzwa kuti vana vaNifai uye vagoverengerwa kune avo vanonzi maNifai.

13 Uye zvino vanhu vose veZarahemura “vakaverengerwa kumaNifai, uye izvi zvakonzerrwa nokuti umambo hwakange hwakapiwa kune avo chete vaive zvizukuru zvaNifai.

14 Uye zvino zvakaitika kuti Mosaya apedza kutaura nekuverengera vanhu, akada kuti Aruma ataurewo kuvanhu.

15 Uye Aruma akataura kwavari, vakaungana pamwechete mumapoka makuru, uye akaenda paboka neboka, achiparidzira vanhu kutendeuka norutendo munaIshe.

16 Uye akakuridzira vanhu vaRimuhai nehama dzake, vose avo vakanga vabviswa muusungwa, kuti vakafanira kuyeuka kuti ndiIshe akavanunura.

17 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma adzidzisa vanhu zvinhu zvakawanda, uye apedza kutaura kwavari, mambo Rimuhai akada kuti abhabhatidzwe; uye vose vanhu vake vakadawo kuti vabhabhatidzwewo.

18 Naizvozvo, Aruma akaenda akapinda mumvura “akavabhabhatidza; hongu, akavabhabhatidza netsika yaakabhabhatidza nayo hama dzake ^bmumvura dzaMormoni; hongu, uye vose vaakabhabhatidza vakave nhengo dzechechi yaMwari; uye

zvose vachizviita pamusana pekutenda kwavo kumazwi aAruma.

19 Uye zvakaitika kuti mambo Mosaya akabvumira Aruma kuti aite chechi munyika yose yeZarahemura; uye akamupa “simba rekugadza vapirisita nevadzidzisi muchechi yega-yega.

20 Izvi zvakakonzerwa nokuti vanhu vakange vakawanda zvekuti hazvaiita kuti vadzidziswe nemudzidzisi mumwechete; uye havaikwanisa kunzwa shoko raMwari mugungano rimwechete.

21 Naizvozvo vakaunganidzana pamwechete munzvimbo nemapoka akasiyana-siyana, aidaidzwa kunzi machechi; chechi yega-yega iine vapirisita vayo nevadzidzisi vayo, uye wose mupirisita achiparidza shoko maererano nokuripiwa kwakange aitwa naAruma.

22 Uye zvisinei kana dai chechi dzakange dzakawanda dzaive “chechi imwechete, hongu, chechi yaMwari; nokuti hapana chimwe chaiparidzwa muchechi umu kunze kwekutendeuka nerutendo munaMwari.

23 Uye zvino makanga muine chechi nomwe munyika yeZarahemura. Uye zvikaitika kuti ani nani zvake aida kutora “zita raKristu, kana raMwari, akapinda chechi dzaMwari.

24 Uye vaidaidzwa kunzi “vanhu vaMwari. Uye Mwari vakadira Mweya wavo mavari, uye vakaropafadzwa, uye vakave nokubudirira munyika.

13a Omu. 1:19.

18a Mosaya 21:35.

^b Mosaya 18:8–17.

19a NKM Hupirisita.

22a Mosaya 18:17.

23a NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu

Kristu paTiri.

24a NKM Chibvumirano.

CHITSAUKO 26

Nhengo zhinji dzeChechi dzinotungamirwa muchitema nevasi-ngatende—Aruma anovimbiswa upenyu hwokusingaperi—Avo vanotendeuka vagobhabhatidzwa vanowana ruregerero—Nhengo dzeChechi dziri muzvitema dzinotendeuka nokureurura kunaAruma nekunaIshe dzicharegererwa; tadzezvo, havazoverengerwa kunhengo dzeChechi. Zvingangove makore 120 kusvika ku100 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti kwakange kuine vazhinji vechizvarwa vaikura vakange vasinganzwisisa mazwi amambo Benjamini, nguva dzakataurwa mazwi aya vakanga vari vana vaduku; uye vakange vasingatende tsika dze-madzibaba avo.

2 Havana kutenda zvaitaurwa maererano nekumuka kuva-kafa, havanawo kubvuma kuti kuna Kristu achauya.

3 Uye zvino nenzira yekusatenda kwavo havana kukwanisa “kunzwisisa shoko raMwari; uye mwoyo yavo yakange ya-tooma.

4 Uye havana kuda kubhabhatidzwa; kana kupinda chechi. Uye vakange vari vanhu vakasiyana nevamwe murutendo rwavo, uye vakaramba vakadaro, kana muupenyu hwavo “hwenyama nemuzvitema zva-vo; nokuti vakanga vasingade

kudaidzira kuna Ishe Mwari vavo.

5 Uye zvino munguva yekutonga kwaMosaya vakange vasina kuwanda zvingasvika chikamu chepakati chevanhu vaMwari; asi nenzira “yekuhedhuka kwevanhu vakazowandawo.

6 Nokuti zvakaitika kuti vakanyengedza vazhinji nemazwi avo ekunyengedza, vakanga vari muchechi, vakaita kuti vaite zvitema zvizhinji; naizvozvo zvakaita kuti avo vaiita zvitema, vari muchechi, vaifanira “kutsiurwa nechечи.

7 Uye zvakaitika kuti vakau-nzwa kune vapirisita, uye vakanzwa kuvapirisita nevadzidzisi; uye vapirisita vakaenda navo kuna Aruma, akange ari mupirisita “wepamusoro.

8 Zvino mambo Mosaya akange apa Aruma mvumo pamusoro pechechi.

9 Uye zvakaitika kuti Aruma haana chaiziva maererano nezvavo; asi kwaive nevazhinji vaipupura kuipa kwavo; hongu, vanhu vakasimuka vakataura nezvekuipa kwavo vakawanda.

10 Zvino hapana kunge kwakamboitika chinhu chakadaro muchechi; naizvozvo Aruma akanetseka mumweya, akaita kuti vaunzwe pamberi pamambo.

11 Uye akati kuna mambo: Tarisai, havano vazhinji vatauisa mberi kwenyu, vari kupomerwa mhosva nehama dzavo; hongu, uye vakatorwa muzvi-

26 3a NKM Kunzwisisa.
4a NKM Munhu weNyama.
5a NKM Kurasika

Pachitendero;
Gakava.
6a Aruma 5:57-58; 6:3.
NKM Yambira,

Yambiro.
7a Mosaya 29:42.

tema zvakasiyana-siyana. Uye havatendeuke muzvitema zva-vo; naizvozvo ndauya navo kwamuri, kuti imi muvatonge maererano nemhosva dzavo.

12 Asi mambo Mosaya akati kuna Aruma: Tarisai, ini handivatonge; naizvozvo ndava “kuvaisa mumaoko ako kuti vatongwe.

13 Uye zvino mweya wa-Aruma wakange wotambudzika zvakare; uye akaenda akanobvunza Ishe kuti angaitai nenyaya iyi, nokuti aitya kuti angazokanganisa pamberi pa-Mwari.

14 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunamata nemwoyo wake wose kuna Mwari, izwi raIshe rakauya kwaari, richiti.

15 Wakaropafadzwa iwe, Aruma, uye vakaropafadzwa avo vakabhabhatidzwa “mumvura dzaMormoni. Unoropafadzwa nokuti une ^brutendo rwukuru mumazwi ega emuranda wangu Abhinadhai.

16 Uye vakaropafadzwa nenzi-
ra yerutendo rwavo rwukuru mumazwi ega awakavataurira.

17 Uye iwe wakaropafadzwa nokuti wakaisa “chechi pakati pevanhu ava; uye vachamiswa, uye vachave vanhu vangu.

18 Hongu, vakaropafadzwa ava vanhu “vanoda kutakura zita

rangu; nokuti vachadaidzwa nezita rangu; uye ndevangu.

19 Uye nokuti wandibvunza maererano nemutadzi, waropafadzwa.

20 Uri muranda wangu; uye ndinoita chibvumirano newe kuti uchave neupenyu “hwokusingaperi; uye iwe uchandishandira ugofamba muzita rangu, uye ugounganidza hwai dzangu pamwechete.

21 Uye uyo achanzwa shoko rangu ndiye achave “hwai yangu, iyeyo muchamugamuchira muchechi, uye iyeyo neniwo ndichamugamuchira.

22 Nokuti tarisai, iyi ichechi yangu; wose “anobhabhatidzwa achabhabhatidzwa nokutende-uka. Uye wose amuchatambira achatenda muzita rangu; iyeyo ^bndichamuregerera ndakasununguka.

23 Nokuti ndini ini “ndinotakura zvitadzo zvenyika; nokuti ndini ini ^bndakavasika; uye ndini ini ndinopa kune uyo anotenda kusvika kumagumo nzvimbo kurudyi rwangu.

24 Nokuti tarisai, vanodaidzwa muzita rangu; uye kana “vachindiziva vachauya, uye vachawana nzvimbo yokusingaperi kurudyi kwangu.

25 Uye zvichaitika kuti kana hwamanda “yepiri yarira zvino avo vasina ^bkumbondiziva

12a D&Z 42:78-93.

15a Mosaya 18:30.

b Mosaya 17:2.

NKM Rutendo.

17a Mosaya 25:19-24.

18a Mosaya 1:11; 5:8.

NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu

Kristu paTiri.

20a NKM Vakasarudzwa;

Sarudzo; Upenyu

Hwokusingaperi.

21a NKM Mufudzi

Akanaka.

22a 2 Ni. 9:23.

NKM Bhabhatidza.

b NKM Regerera;

Kuregererwa

kweZvitadzo.

23a NKM Mununuri.

b NKM Sika.

24a Joh. 17:3.

25a D&Z 88:99, 109.

b D&Z 76:81-86.

vachauya uye vozomira pambe-ri pangu.

26 Uye ipapo vachaziva kuti ndini Ishe Mwari vavo, kuti ndini Mununuri wavo; asi havazonunurwa.

27 Uye ndichareurura kwavari kuti handina ^akumbovaziva; uye ^bvachaenda mumoto ^cusingaperi wakagadzirirwa dhia-bhorosi nengirozi dzake.

28 Naizvozvo ndinoti kwamuri, kuti uyo asingade ^akunzwa shoko rangu, iyeyo musamugamuchire muchechi yangu, nokuti iyeyo handimugamuchire muzuva rekupedzisira.

29 Naizvozvo ndinoti kwamuri, Endai; uye uyo wose achanditadzira, iyeyo ^amuchamutonga ^bmaererano nezvitadzo zvaanenge aita; uye ^cakareurura zvitema zvake kwamuri nekwardiri, uye ^dakatendeuka nemwoyo wake wose, iyeyo ^emuchamuregerera, neni ndichamuregererawo.

30 Hongu, uye ^amunguva dzose vanhu vangu ^bvachatendeuka ini ndichavaregerera zvavanonditadzira.

31 Uye imi ^amucharegererana zvamunotadzirana; nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo asingaregerere muvakidzani wake iye achiti akatendeuka, iyeyo anozvikonzera kuraswa.

32 Zvino ndinoti kwamuri,

Endai; uye uyo wose asingatendeuke muzvivi zvake iyeyo haazoverengerwa muvanhu vangu; uye izvi zvichagara zvakadaro kubvira zvino zvichienda mberi.

33 Uye zvakaitika kuti Aruma paakanzwa mazwi aya akaanyora kuti agogara nawo, nekuti agotongwa vanhu vechechi iyoyo maererano nemirau yaMwari.

34 Uye zvakaitika kuti Aruma akaenda akanotonga avo vakanga vari muzvitadzo, maererano neshoko raIshe.

35 Uye vose vakatendeuka muzvitema zvavo ^avakazvireurura, ivavo akavaverengera mukati mevanhu vechechi;

36 Uye avo vakanga vasingade kureurura zvitema zvavo nekutendeuka kubva mukutadza kwavo, ivavo havana kuverengerwa kuvanhu vechechi, uye mazita avo ^aakadzimwa.

37 Uye zvakaitika kuti Aruma ndiye akabata dzose nyaya dzechechi; uye vakatanga zvakare kuve nerunyararo nokubudirira zvikuru munyaya dzechechi, vachifamba vakachenjera pamberi paMwari, vakagashira vazhinji, nokubhabhatidza vazhinji.

38 Uye zvino zvose zvinhu izvi zvakaitwa naAruma nevamwe vaishanda navo mubasa

27a Mat. 7:21-23.

b Ruka 13:27.

c D&Z 76:43-44.

28a 2 Ni. 9:31; D&Z 1:14.

29a NKM Kutonga.

b NKM Kudavira.

c 3 Ni. 1:25.

NKM Reurura,

Reururo.

d NKM Rutendeuko.

e NKM Regerera.

30a Moro. 6:8.

b Ezk. 33:11, 15-16;

Mabasa 3:19-20;

Mosaya 29:19-20.

31a 3 Ni. 13:14-15;

D&Z 64:9-10.

35a NKM Reurura,

Reururo.

36a Eks. 32:33;

Aruma 1:24.

NKM Bhuku

reUpenyu; Kubviswa

Hunhengo.

rechechi, vachifamba nesimba rose, vachidzidzisa shoko raMwari muzvinhu zvose, vachitambura muzvinhu zvakasiyana-siyana, vachinetswa neavo vose vakanga vasiri vechechi yaMwari.

39 Uye vakatsiura hama dzavo; ivowo ^avakatsiurwa, wose wose neshoko raMwari, maererano nezvitema zvavo, kana kuzvitadzo zvaainge aita, vachitumwanaMwari kuti vasamire ^bkunamata, nekupa ^ckutenda muzvinhu zvose.

CHITSAUKO 27

Mosaya anorambidza kutambudzana uye anokurudzira kuti vanhu vabatwe zvakafanana — Aruma mudiki nevana vana vaMosaya vanotsvaka kuparadza Chechi — Ngirozi inouya uye yovataurira kuti vasiye nzira yavo yakaiipa — Aruma anoitwa chimumumu — Rudzi rwose rwevanhu rwakafanira kuzvarwa zvakare kuti rwiwane ruponeso — Aruma nevana vaMosaya vanodaidzira mazwi anofadza. Zvingangove makore 100 kusvika ku92 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti kutambudzwa kwakange kuchitwa chechi neavo vakange vasingatende kwakakura zvekuti chechi yakatanga kutsutsumwa, uye vakanyunyuta kuvatungamiri vavo pamusoro penhau iyi; uye vakanyunyuta kuna Aruma.

Uye Aruma akaisa nyaya iyi kuna mambo wavo, Mosaya. Uye Mosaya akabvunza vapirisita vake.

2 Uye zvakaitika kuti mambo Mosaya akatumira chiziviso munyika yose achiti hakuna munhu asingapinde sangano akafanira ^akutambudza avo vanhu vechechi yaMwari.

3 Uye pakaiswa murau wakoma kuchechi dzose kuti hakuna kufanira kuti kuve nekutambudzana pakati pavo, kuti pakafanira kuve ^anekuenzana kuvanhu vose;

4 Kutu havafanire kuregera kuzvida nekuzvikudza kuchikanganisa ^arunyararo rwavo; kuti wose munhu akafanira ^bkukudza muvakidzani wake sekuzvikudza kwaanozviita iye, vachizvishandira nemaoko avo pachavo kuti vazviriritire.

5 Hongu, uye vose vapirisita vavo nevadzidzisi vavo vakafanira ^akushanda nemaoko avo kuti vazviriritire, muzvinhu zvose kunze kwemuurwere, kana mukushaya kwakanyanya; uye mukuita zvinhu izvi, vakakura ^bmunyasha dzaMwari.

6 Uye munyika makatanga kuve nerunyararo zvakare; uye vanhu vakatanga kuwanda chizvo, uye vakatanga kupararira nenyika yose, hongu, kuchamhembe nekumaodzanyemba, kumabvazuva nekumadokero, vachivaka maguta makuru nemisha mumativi ose enyika.

39a NKM Yambira, Yambiro.
b 2 Ni. 32:8–9.
c NKM Kupakutendo.

27 2a NKM Kupfuvisa.
3a Mosaya 23:7; 29:32.
4a NKM Runyararo.
b NKM Kuremekedza.

5a Mosaya 18:24, 26.
b NKM Nyasha.

7 Uye Ishe akavashanyira akavapa kubudirira, uye vakave vanhu vazhinji vakapfuma.

8 Zvino vanakomana vana vaMosaya vaiverengerwa kuvanhu vasingatende; nemumwe “wevanakomana vaAruma akange achiverengerwa kwavari, iye achidaidzwa kuti Aruma, zita rababa vake; zvisinei, akave munhu ane uipi ^banonamata zvifananidzo. Uye akange ari munhu anotaurisa, uye achitaurira manyepo mazhinji kuvanhu; naizvozvo akaita kuti vanhu vazhinji vaite sekuita kwake mukutadza.

9 Uye akadzorera chechi yaMwari shure zvakanyanya; “achiba mwoyo yevanhu; achikonzera kukakavadzana mukati mevanhu; achipa mukana kumuvengi waMwari kuti aratidze simba rake muvanhu.

10 Uye zvino zvakaitika kuti paakanga achifamba achiparadza chechi yaMwari, nokuti aifamba nevana vaMosaya muruvande achitsvaka kuparadza chechi, nokurasa vanhu vaIshe, zvisirizvo zviru mumirairo yaMwari, kana kunyange yamambo—

11 Uye sekutaura kwandaita kwamuri, kufamba kwavaiita ^avachipandukira Mwari, tarisai, ^bngirozi yaIshe ^cyakazviratidza kwavari; uye yakaburuka seiri mugore; uye yakataura nezwi rainge mabhanan’ana, rakako-

nzera kuti pasi pazunguzike apo pavakange vamire;

12 Uye kushamiswa kwavo kwakave kukuru, zvekuti vakapuzikira pasi, uye vakatadza kunzwisisa mazwi aakange achitaura kwavari.

13 Zvisinei akachema zvakare, achiti: Aruma muka umire pano, ko unotambudzirei chechi yaMwari? Nokuti Ishe akati: “Iyi ichечи yangu, uye ndichaimisa; hakuna chichaibvisa panzvimbo, kunze kwekutadza kwevanhu vangu.

14 Uye zvakare, ngirozi yakati: Tarisai, Ishe vakanzwa “minamoto yevanhu vavo, neminamoto yemuranda wavo, Aruma, anova baba vako; nokuti akanamata nerutendo rukuru maererano nemi kuti dai masvitswa pakuziva chokwadi; naizvozvo, nechikonzero ichochi ndauya kuti ndizokupwisai nezvesimba nemvumo yaMwari, kuti ^bminamoto yevaranda vavo ingapindurwe maererano nerutendo rwavo.

15 Uye zvino tarisai, mungapikisana here nesimba raMwari? Nokuti tarisai, izwi rangu harizunguze nyika here? Uye hamugone kundionawo here pamberi penyu? Uye ndakatumwa kubva kuna Mwari.

16 Zvino ndinoti kwamuri: Endai, uye mugorangarira uranda hwemadzibaba enyu munyika yeHerami, nemunyika

8a NKM Aruma, Mwanakomana waAruma.

b NKM Kunamata Zvifananidzo.

9a II Sam. 15:1–6.

11a NKM Hupanduki.

b NKM Ngirozi.

c Mabasa 9:1–9; Aruma 8:15.

13a NKM Jesu Kristu—Mukuru weChechi.

14a Aruma 10:22.

b Morm. 9:36–37.

yaNifai; nekurangirirawo kukura kwezvinhu zvaakavaitira; nokuti vakanga vari muusun-gwa uye “akavasunungura. Uye zvino ndinoti kwamuri, Aruma, enda munzira yako, uye urege kutsvaka kuparadza chechi zvakare, kuti minamoto yavo igopindurwa, uye izvi zviri zvinoitika kana dai iwe pachako uchida kuraswa.

17 Uye zvino zvakaitika kuti aya ndiwo mazwi akave eku-pedzisira kutaurwa kuna Aruma nengirozi, ndokubva yaenda.

18 Uye zvino Aruma neavo vakanga vainaye vakawira pasi zvakare, nokuti vakange vashamiswa zvikuru; nokuti nemaziso avo vakanga vaona ngirozi yaIshe; uye izwi rake rainge mabanan’ana, rakazunguza nyika; uye vaiziva kuti hakuna chimwe kunze kwesimba raMwari chaigona kuzunguza nyika nekuita kuti idedere sekunge ichatsemuka nepakati.

19 Uye zvino kushamiswa kwaAruma kwakave kukuru zvekuti akabva ave chimumu-mu, zvekuti akatadza kuzurura muromo wake; hongu, uye akapera simba, zvekuti akatadza kusimudza kana maoko ake; naizvozvo akatorwa neavo vakanga vainaye, uye akatakurwa asisakwanise, kudakara asvikoi-swa pameso pababa wake.

20 Uye vakataurira baba vake zvose zvakanga zvaitika kwavari; uye baba vake vakafara,

nokuti vakaziva kuti rakange riri simba raMwari.

21 Uye akaita kuti vanhu vazhinji vaungane pamwechete kuti vagoona zvakanga zvaitwa kumwanakomana wake naIshe, nekune avo vakanga vainaye.

22 Uye akaita kuti vapirisita vaungane pamwechete; uye vakatanga kutsanya, nekunamata kuna Ishe Mwari vavo kuti azarure muromo waAruma, kuti agotaura, nokutiwo nhengo dzemuviri wake nemaoko ake zviwane simba radzo—kuti maziso evanhu azururwe kuti aone nokuziva kunaka nokubwinya kwaMwari.

23 Uye zvakaitika kuti mushure mekutsanya nokunamata kwemazuva maviri neusiku huviri, maoko nemakumbo aAruma akawana kusimba kwawo, uye akabva asimuka akatanga kutaura kwavari, achivati ngavave nekunyaradzwa kwakanaka:

24 Nokuti, akati iye, ndatendeka muzvitema zvangu, uye “ndikanunurwa naIshe; tarisai ndaberekwa neMweya.

25 Uye Ishe vakati kwandiri: Usashamiswe kuti vose vanhu, hongu, varume nevakadzi, nyika dzose, marudzi, ndimi navanhu, vakafanira “kuberekwa zvakare; hongu, kuberekwa naMwari, ^bvapindurwa kubva muzvinhu zvavo ^czvenyama nemukupunzika kwavo, vachienda mukururama, vanunurwa

16a Mosaya 23:1–4.
24a 2 Ni. 2:6–7.
NKM Akanunura.
25a VaR. 6:3–11;

Mosaya 5:7;
Aruma 5:14;
Mos. 6:59.
NKM Kuberekwa

naMwari, Kuberekwa Patsva.
^b Mosaya 3:19; 16:3.
^c NKM Zvenyama.

naMwari, vachive vanakomana vake nevanasikana vake;

26 Uye ndiko kuve zvisikwa zvitsva kwavanobva vaita; uye kuve kwekunge vaita izvi, “havana nzira yavangagare nha-ka yeumambo hwaMwari nayo.

27 Ndinoti kwamuri, kana zvikasaita sezvizvi, vanoraswa; uye izvi ndinozviziva, nokuti ini ndakange ndoda kuraswa.

28 Zvisinei, mushure mekupinda mumatambudziko akanyanya, kutendeuka wave pedyo nerufu, Ishe netsitsi vakaona zvakafanira kuti vandibvute mukati mekutsva “kusingaperi, uye ndazvarwa naMwari.

29 Mweya wangu wakanunurwa kubva munduru yekuvava nemumajoto ezvitadzo. Ndakange ndiri mugomba mune rima rakati ndo; asi zvino ndave kuona chiedza chinoshamisa chaMwari. Mweya wangu “wakashungurudzwa nekutambudzwa kwokusingaperi; asi ndakabvutwa, mweya wangu haucharwadza nariini.

30 Ndakaramba Mununuri wangu, uye ndikaramba zvakanga zvataurwa nemadzibaba edu; asi zvino kuti vaone kuti achauya, nokuti anoyeuka chose chisikwa chaakasika, achazviisa pachena kune vose.

31 Hongu, “rose ibvi richapfugama, uye dzose ndimi dzichareurura pamberi pavo. Hongu, kana muzuva rekupedzisira, apo

vose vanhu vachamirira ^bkutongwa navo, ndipo pavachabvuma kuti ndiMwari; vachabvuma, avo vanogara ‘vasina Mwari munyika, kuti kutongwa kwavo kuve kurangwa kusingaperi kwakakodzera pavari; uye vachadedera, nokubvunda, uye vagosvava kana vatariswa neziso ravo “rinotsvaka.

32 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma kubvira panguva iyoyi akatangisa kudzidzisa vanhu, neavo vakanga vaina Aruma panguva yakazviratidza ngirozi kwavari, vachifamba nenyika yose, vachishambadza kuvanhu vose zvinhu zvavakanga vanzwa vakaona, vachiparidza shoko raMwari mukutambudzwa kwakanyanya, vachinetswa zvikuru neavo vakange vasiri vatendi; vachirohwa nevakawanda vavo.

33 Asi zvakadaro zvose izvi, vakapa kunyaradza kwakawanda kuchechi, vachisimbisa rutendo rwavo, nekukurudzira nokushivirira nokushingirira kuchengetedza mirairo yaMwari.

34 Uye vana vavo vaive “vanakomana vaMosaya; uye mazita avo aive Amoni, naAroni, naOmuna, naHimunai; aya ndiwo aive mazita evanakomana vaMosaya.

35 Uye vakafamba nenyika yose yeZarahemura, nemuvanhu vose vaitongwa vari pasi pamambo Mosaya, vachishingaira

26a Joh. 3:5.
28a 2 Ni. 9:16.
29a Mosaya 2:38.
31a VaF. 2:9–11;
Mosaya 16:1–2;

D&Z 88:104.
b NKM Jesu Kristu—
Mutongi.
c Aruma 41:11.
d NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari
34a NKM Amoni,
Mwanakomana
waMosaya.

kuedza kugadziridza zvose zvavakange vakuvadza muchechi, vachireurura zvitadzo zvavo zvose, nokutaura zvose zvinhu zvavakanga vaona, uye vachitsanangura zviporofita nemagwaro matsvene kune avo vose vaida kuzvinzwa.

36 Uye ndiko kuve midziyo kwavakaita mumaoko aMwari mukuunza vazhinji muruzivo rwechokwadi, hongu, kuruzivo rweMununuri wavo.

37 Uye vakaropafadzwa sei! Nokuti ^avakashambadza runyararo; vakashambadza nhau dzezvinhu ^bzvakanaka; uye vakaudza vanhu kuti Ishe vanotonga.

CHITSAUKO 28

Vanakomana vaMosaya vanoenda kunoparidza kumaRamani—Vachishandisa matombo maviri ekuonesa, Mosaya anodudzira mahwendefa emaJaredhi. Zvingangove makore 92 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti mushure mekunge ^avanakomana vaMosaya vaita zvose zvinhu izvi, vakatora vanhu vashomanani navo vakadzokera kuna baba wavo, mambo, uye vakamukumbira kuti avabvumire, pamwechete neavo vavakangavasarudza, kuti vaende kunyika ^byaNifai kuti vanoparidza zvinhu zvavakange vanzwa, nokuti

vape shoko raMwari kuhama dzavo, maRamani—

2 Kutizvimwe vangavaunze mukuziva Ishe Mwari vavo, nekuvapwisa pamusoro pekuipa kwemadzibaba avo; nokuedza kuti vanga varape ^aruvengo rwavo nemaNifai, kutizvimwe vangavaunze mukufarawo muNaIshe Mwari vavo, kuti vanzwanane pachavo, uye kuti kusazove nokupesana munyika yose yavakapiwa naIshe Mwari vavo.

3 Zvino vakadisa kuti ruponeso rwutaurwe kuchisikwa chose, nokuti havana kuda ^akuona ^bmweya wemunhu uchiparara; hongu, kana pfungwa yekuti pawane mweya unotambudzika ^czvisingaperi yayita kuti vabvunde nekudedera.

4 Uye ndiko kushandwa kwavakaitwa neMweya walshe, nokuti vakange vari vatadzi vane ^atsvina isingataurike. Uye Ishe vakaona ^bnetsitsi dzavo dzisingaverengeke kuti vavaponese; zvakadaro vakatambudzwa nokurwadziwa kwemweya nenzi-
ra yekuipa kwavo, vachitambudzika zvikuru nekutya kuti vacharaswa zvachose.

5 Uye zvakaitika kuti vakakumbira baba wavo kwemazuva mazhinji kuti vaende kunyika yaNifai.

6 Uye mambo Mosaya akaenda akanobvunza kuna Ishe kuti angaregere here vana vake

37a Isa. 52:7;
Mosaya 15:14–17.
NKM Paridza.
b NKM Vhangeri.
28 1a Mosaya 27:34.
b Omu. 1:12–13;

Mosaya 9:1.
2a Jak. 7:24.
3a Aruma 13:27;
3 Ni. 17:14;
Mos. 7:41.
b NKM Mweya (Mweya

neMuviri)—Kukosha kwemweya.
c Jak. 6:10;
D&Z 19:10–12.
4a Mosaya 27:10.
b NKM Anetsitsi.

vachienda kunoparidza shoko kumaRamani.

7 Uye Ishe vakati kuna Mosaya: Rega vaende, nokuti vazhinji vachatenda mazwi avo, uye vachawana upenyu hwokusisingaperi; uye “ndichaburitsa vanakonana vako mumaoko emaRamani.

8 Uye zvakaitika kuti Mosaya akabvuma kuti vaende vanoita maererano nezvavakanga vakumbira.

9 Uye “vakatora rwendo rwavo nemurenje kuti vaende kunoparidza shoko kumaRamani; uye ndichataura ^brungano rwekuita kwavo pashure.

10 Zvino mambo Mosaya akange asisina wekugadza umambo, nokuti hapana mumwechete wevanakomana vake aibvuma umambo.

11 Naizvozvo akatora zvinyorwa zvakange zvakanyorwa “pamahwendefa endarira, nemahwendefawo aNifai, nezvinhu zvose zvaakanga achengeta maererano nemirairo yaMwari, mushure mekududzira nokuita kuti zvinyorwe izvo zvaive ^bpamahwendefa egoridhe akawanikwa nevanhu vaRimuhai, akange apiwa kwaari neruoko rwaRimuhai;

12 Uye izvi akazviita nenzira yechido chevanhu vake; nokuti vakada kuziva zvikuru maererano nevanhu avo vakanga vaparadzwa.

13 Uye zvino akazvidudzira achishandisa “matombo maviri aye aiva akasungirirwa mumativi echaiita seuta.

14 Zvino zvinhu izvi zvakagadzirwa kubvira pakutanga, uye zvikatambidzanwa chizvarwa nechizvarwa, kuti mitauro idudzirwe;

15 Uye zvachachengetwa uye zvikachengetedzwa neruoko rwalshu, kuti varatidze kuchisikwa chose kuti akafanira kuva nenyika nezvitadzo noruvengo rwevanhu vavo ndiani.

16 Uye ani nani anazvo zvinhu izvi anodaidzwa kunzi “muoni, sezvaitwa makare-kare.

17 Zvino mushure mekunge Mosaya apedza kududzira zvinyorwa izvi, tarisai, zvakataura rungano rwevanhu “vakaparadzwa, kubvira panguva yavakaparadzwa zvichidzokera panguva yekuvakwa kweshongwe ^bhuru, Ishe “pavakavhiringidza mutauro wevanhu vakabva vapararira nenyika yose, hongu, kana kubvirawo panguva iyo zvichidzokera shure kunguva yekusikwa kwaAdama.

18 Zvino rungano urwu rwakakonzera vanhu vaMosaya kuti vacheme zvikuru, hongu, vakazadzwa nekusuwa; zvisinei zvakavapa ruzivo rwakawanda, marwuri vakafara.

19 Uye rungano urwu rwuchanyorwa mushure; nokuti tarisai, zvinofanira kuti vose

7a Aruma 19:22-23.

9a Aruma 17:6-9.

b Aruma 17-26.

11a NKM Mahwendefa eNdarira.

b NKM Mahwendefa eGoridhe.

13a NKM Urimi neTumimi.

16a Mosaya 8:13-18.

NKM Muoni.

17a Mosaya 8:7-12.

b Eta 1:1-5.

c Gen. 11:6-9.

vanhu vazive zvakanyorwa munhoroondo ino.

20 Uye zvino, sekutaura kwandaita kwamuri, kuti mushure mekunge mambo Mosaya aita zvinhu izvi, akatora mahwendefa “endarira nezvinhu zvose zvaakanga achengeta, ndokubva azvipa pana Aruma, aive mwanakomana waAruma; hongu, zvose zvinyorwa, ^bnezvidudziriso zvacho, ndokuzvipa paari, ndokumuudza kuti akafanira kuzvichengeta ‘nokuzvichengetedza, nekuchengetawo zvinyorwa zvevanhu, vachizvipa kuchizvarwa nechizvarwa, kana sekugamuchidzanwa kwazvakaitwa kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema.

CHITSAUKO 29

Mosaya anoti kunze kwekuti kuve namambo ngakusarudzwe vatoongi—Madzimambo asina kururama anotungamira vanhu vavo mukutadza—Aruma mudiki anosarudzwa kuve mukuru wevatongi nekuda kwevanhu—Ndiyewo mufundisi wepamusoro weChechi—Aruma Mukuru naMosaya vanofa. Zvingangove makore 92 kusvika ku91 Kristu asati azvarwa.

ZVINO Mosaya aita izvi akatumira shoko kunyika yose, kuvanhu vose, achida kuziva chido chavo maererano nemunhu akafanira kuve mambo wavo.

2 Uye zvakaitika kuti izwi rakabva kuvanhu, richiti: Tino-

da kuti Aroni mwanakomana wako ave mambo wedu nemutongi wedu.

3 Zvino Aroni akange akwira kunyika yaNifai, naizvozvo mambo akange asingakwanise kugadza umambo paari; kana Aroni haaikwanisa kutora umambo; hakuna kana “mwanakomana mumwechete waMosaya aida kutora umambo.

4 Naizvozvo mambo Mosaya akatumira zvakare kuvanhu; hongu, akatumira mazwi akanyorwa kuvanhu. Uye aya ndiwo mazwi aakanyorwa, achiti:

5 Tarisai, imi vanhu vangu, kana kuti hama dzangu, nokuti ndinokukudzai saizvozvo, ndinoda kuti mufunge pamusoro penyaya yamadaidzirwa kuti mufunge—nokuti muri kuda kuti dai maita “mambo.

6 Zvino ndinoti kwamuri uyo akafanirwa kuve ari iye aneumambo aramba, uye haasikuda kutora umambo.

7 Uye zvino kukawanikwa umwe kuti agadzwe munzvimbo yake, tarisai ndinotyia kuti pachave nokukakavadzana mukati menyu. Uye ndiani anoziva kuti mwanakomana wangu, anove ndiye muridzi weumambo, angangoshatirwa akatora chimwe chikamu chevanhu vakaenda naye, izvo zvinozokonzera hondo nokukakavadzana mukati menyu, chinozove chikonzero chekudeura ropa zhinji nokusiya nzira dzaIshe,

20a Aruma 37:3–10.
b NKM Urimi
neTumimi.

c NKM Magwaro
matsvene—Magwaro
matsvene anofanira

kuchengetedzwa.
29 3a Mosaya 27:34.
5a I Sam. 8:9–19.

hongu, nokuparadza mweya yevanhu vazhinji.

8 Zvino ndinoti kwamuri ngatingwarei uye tifunge zvinhu izvi, nokuti hatina kodzero yekuti tiparadze mwanakomana wangu, hatinazve simba reku-paradza kana uyo anenge aiswa munzvimbo yake.

9 Uye kana mwanakomana wangu akadzokera kuzvinhu zvake zvekudada nezvinhu zvisipo achayeuka zvinhu zvaakambotaura, uye oti anoda umambo hwake, zvinozoita kuti iye nevanhu vano vaite zvitadzo zvakananyana.

10 Uye zvino ngatingwarei titarisire mberi kuzvinhu izvi, uye tichiita zvinhu zvinoita kuti vanhu vave nerunyararo.

11 Naizvozvo ndichave mambo wenyu kwemazuva angu ose asara; zvakadaro, ^angatigadze ^bvatongi, kuti vatonge vanhu ava maererano nemutemo wedu; uye tichatanga patsva kugadzirisa nyaya dzevanhu ava nokuti tichasarudza varume vane njere kuve vatongi, vachatonga vanhu ava maererano nemirairo yaMwari.

12 Zvino zviru nani kuti munhu atongwe naMwari pane kutongwa nemunhu, nokuti kutonga kwaMwari kwakanaka nguva dzose, asi kutonga kwevanhu hakuzi kwakanaka nguva dzose.

13 Naizvozvo, dai zvaiitika kuti muwane vanhu ^avakarura-

ma kuti vave madzimambo enyu, vaizoisa mitemo yaMwari, uye vachitonga vanhu ava maererano nemirairo yavo, hongu, dai maiwana madzimambo evarume vanoita sekuita kwababa vangu ^bBenjamini achiitira vanhu vake—ndinoti kwamuri, dai izvi zviru izvo zvinoitika nguva dzose zvingadai zvakanfanira kuti nguva dzose muve namadzimambo vekukutongai.

14 Uye kana ini pachangu ndakashanda nesimba rangu nepfungwa dzose dzandiinadzo, kukudzidzisa mirairo yaMwari, nokudzika runyararo munyika yose, kuti kusave nehondo kana kupesana, pasina kuba, kana kukuvadza, kana kuponda, kana kuipa zvakwo kwose;

15 Uye ani nani zvake akatadza, iyeyo ^andakamuranga maererano nemhosva yaakaita, maererano nemutemo watakapiwa nemadzibaba edu.

16 Zvino ndinoti kwamuri, nenzira yechikonzero chekuti vanhu vose havana kururama hazvifanire kuti muve namaambo kana madzimambo eku-kutongai.

17 Nokuti tarisai, mambo ^aakaipa mumwechete anokonzera ^bkuipa kwakadii kuti kuitwe, hongu, uye kuparadzwa kwakakura zvakadii!

18 Hongu, muchayeuka mambo Noa, ^akuipa kwake neruvengo rwake, kuipa neruvengo rwevanhu vake. Tarisai kupara-

11a Mosaya 29:25–27.

^b Eks. 18:13–24.

13a Mosaya 23:8, 13–14.

^b Mazwi 1:17–18.

15a Aruma 1:32–33.

17a Mosaya 23:7–9.

^b Aruma 46:9–10.

18a Mosaya 11:1–15.

dzwa kukuru kwakave pavari; ezvowo nechikonzero chekuipa kwavo vakaiswa ^bmuusungwa.

19 Uye dai pakanga pasina kupindira kweMusiki wavo akangwara, uye izvi zvichikonzerwa nekutendeuka kwavo kwechokwadi, vangadai vakagara muhusungwa kusvika zvino.

20 Asi tarisai, vakavasunungura nokuti “vakazvirereka pamberi pavo; nokuti ^bvakachema kwaari zvikuru akavabvisa muusungwa; uye ndiko kushanda kunoita Ishe nesimba ravo mune zvose mukati mevana vevanhu, vachitambanudzira ruoko rwavo ^crwetsitsi kune avo vanoisa ^druvimbo rwavo maari.

21 Uye tarisai, zvino ndinoti kwamuri, hamukwanise kubvisa mambo akaipa pachigaro cheumambo kunze kwekunge zvaitwa nekupesana kukuru, neku-deuka kweropa rakawanda.

22 Nokuti tarisai, ane “shamwari dzake mukutadza, uye anogara varindi vake vari pedyo; uye anobvarura mitemo yeavo vakatonga nekukurama mberi kwake; uye anotsika-tsika netsoka dzake mirairo yaMwari.

23 Uye anoita mitemo, uye oitumira kuvanhu vake, hongu, mitemo inopindirana “neupi hwake; uye ani nani zvake asingateerere mitemo yake anoita kuti aparadzwe; uye ani nani anomumukira anotumira hondo yake kunovarwisa, uye kana

akakwanisa anovaparadza; uye mambo asina kururama ndiko kukanganisa nzira dzose dzekukurama.

24 Uye zvino tarisai ndinoti kwamuri, hazvifanire kuti ruve-ngo rwakadaro rwuuye kwamuri.

25 Naizvozvo, sarudzai nezwi revanhu, vatongi, kuti mugotongwa maererano nemitemo yamakapiwa nemadzibaba edu, iri iyo mitemo chaiyo, uye iri yavakapiwa neruoko rwaIshe.

26 Zvino hakazi kazhinji vanhu vachiti vanoda zvinopesana nezvinhu kwazvo; asi zvinoitika kuti vashoma vanoda zvinhu zvisiri izvo; naizvozvo izvi ndizvo zvamakafanira kucherechedza uye mugozviita mutemo wenyu—kuti multe zvamunoi-ta muchiteerera mazwi evanhu.

27 Uye “kana kukasvika nguva yekuti izwi revanhu rasarudza zvakaipa, ndiyo nguva ichauya kutonga kwaMwari pamuri; hongu, ndiyo nguva yavachakushanyirai nekuparadza kukuru kana sekushanyira kwavakaita nyika ino.

28 Uye zvino kana muine vatongi, uye vakasakutongai zviru maererano nemutemo wakaitwa, munogona kuti vatongi ivavo vatongwe nemutongi mukuru kupfuura ivo.

29 Kana vatongi venyu vepamusoro vasina kutonga zvakarurama, muchaita kuti vashoma vevatongi venyu vadiki vaunga-

18b I Sam. 8:10–18;
Mosaya 12:1–8;
Eta 6:22–23.

20a Mosaya 21:13–15.

b Eks. 2:23–25;
Aruma 43:49–50.
c Ezk. 33:11, 15–16;
Mosaya 26:30.

d NKM Vimba.
22a I Madz. 12:8–14.
23a NKM Akaipa.
27a Aruma 10:19.

nidzane pamwechete, uye vago-tonga vatongi venyu vakuru, maererano nezvido zvevanhu.

30 Uye ndinoti makafanira kuita zvinhu izvi muchitya Ishe; uye ndinoti itai zvinhu izvi, uye musave namambo; kuti kana vanhu ava vakaita zvivi nezvitadzo zvichapindurwa pamisoro yavo.

31 Nokuti tarisai ndinoti kwamuri, zvitadzo zvevanhu vazhinji zvakakonzerwa nekuipa kwe-madzimambo avo; naizvozvo kutadza kwavo kunopindurwa pamisoro yemadzimambo avo.

32 Uye zvino ndinoda kuti “kusaenzana kwezvinhu uku kuchipera munyika muno, kunyanya kuvanhu vangu ava; asi ndinoda kuti nyika ino ive nyika^b yerusununguko, uye “wose munhu anakirwe nekodzero nepundutso dzake zvakafanana, sezvo Ishe vachiona kuti zvakafanira kuti tigare uye tidye nhaka yenyika ino, hongu, kana pachiiine vamwe vevana vedu vachiri pamusoro penyika.

33 Uye mambo Mosaya akanyora zvimwe zvinhu zvizhinji kwavari, achivaratidza kuedzwa kwose nenhamo dzose dzamambo akarurama, hongu, kwose kunetsekana kwemweya yavo pamusana pevanhu vavo, nekutsutsumwawo kwose kwevanhu kuna mambo wavo; uye akatsanangura zvose kwavari.

34 Uye akavaudza kuti zvinhu izvi hazvifanire kuitika; asi kuti mutoro wacho wakafanira kuve

wevanhu vose, kuti wose munhu aite pake.

35 Uye akavaudzawo zvipinga-mupinyi zvavanogomera nazvo, nenzira yekuve namambo asina kururama anovatonga;

36 Hongu, kwose kutadza kwake neruvengo rwake, nehondo dzose, uye kwose kukakavadzana, nekudeuka kweropa, neumbavha, nokuparadza, nokuita mabasa eupombwe, uye kwose kutadza kusingaverengeke—achivaudza kuti zvinhu izvi hazvifanire kuve zviriiizvo, zvekuti vakange vasingade zvachose mirairo yaMwari.

37 Uye zvino zvakaitika kuti, mushure mekunge mambo Mosaya atumira zvinhu izvi kuvanhu vakapwiswa nechokwadi chemazwi ake.

38 Naizvozvo vakarega chido chavo chekuti vave namambo, uye vakada zvikuru kuti wose munhu ave nezvakaenzana munyika yose; hongu, uye wose munhu akataura kuda kwake kuzvipindurira pane zvitema zvake.

39 Naizvozvo, zvakaitika kuti vakaungana pamwechete muzvikwata munyika yose, kuti vaise mazwi avo maererano nokuti ndivanaani vangave vatongi vavo, avo vanozovatonga maererano “nemutemo wavakapihwa; uye vakanga vachifara zvikuru nenzira^b yerusununguko rwavakange vapihwa.

40 Uye rudo rwavo kuna Mosaya rwakasimba; hongu,

32a Aruma 30:11.
b 2 Ni. 1:7; 10:11.

NKM Rusununguko.
c Aruma 27:9.

39a Aruma 1:14.
b NKM Rusununguko.

vaimukudza kukunda vose vawu vanhu; nokuti vakange vasingamuone semudzvinyiriri wamambo anotsvaka dzvene, hongu, anotsvaka upfumi uhwo hwunoorea mweya; nokuti haana kumbovatorera upfumi, zve haana kumbofadzwa noku-deura ropa; asi akange adzika “runyararo munyika, uye akanga abvumira vanhu vake kuti vasaiswe muhusungwa hupi zvawo; saka vaimukudza, hongu, zvikuru, zvisingataurike.

41 Uye zvakaitika kuti vakasarudza “vatongi kuti vavatonge, kana kuvatonga zvirima maererano nemutemo; uye vakaita izvi munyika yose.

42 Uye zvakaitika kuti Aruma akaiswa kuti ave mutongi mukuru wekutanga, ari iyewo mupirisita wepamusoro, baba vake vari ivo vakamugadza, uye vakamupawo kuve mutarisi wenyaya dzose dzechechi.

43 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma “aifamba munzira dzaishe, uye aichengeta mirairo yavo, uye aitonga nemutongo

wakarurama; uye munyika magari muine runyararo.

44 Uye ndiko kutanga kwakaita kutonga kwevatongi munyika yose yeZarahemura, kuvanhu vose vainzi maNifai; uye Aruma ndiye aive wekutanga uye mukuru wevatongi.

45 Uye zvino zvakaitika kuti baba vake vakafa, vave makumi masere nemaviri emakore ekuberekwa, ari munhu akanga agara achizadzikisa mirairo yaMwari.

46 Uye zvakaitika kuti Mosaya akafawo, mugore rechimakumi matatu nematatu ekutonga kwake, aine “makumi matanhatu ane makore matatu ekuberekwa; zvichiita pamwechete, mazana mashanu emakore ane makore mapfumbamwe kubva panguva yakabva Rihai kuJerusalem.

47 Uye ndiko kupera kwakaita kutonga kwemadzimambo kuvanhu vaNifai; uye ndiko kupera kwakaita mazuva aAruma, akange ari iye akatanga chechi yavo.

BHUKU RAARUMA

MWANAKOMANA WAARUMA

Rungano rwaAruma, akange ari mwanakomana waAruma, mutongi mukuru wekutanga wevanhu vaNifai, uye ari iyewo mupirisita wepamusoro weChechi. Rungano rwekutonga kwevatongi, nehondo nekupesana kwevanhu. Uye rungano rwehondo pakati pemaNifai nemaRamani, maererano nezvinyorwa zvaAruma, wekutanga uye ari iye mukuru wevatongi.

40a NKM Muyanani.
41a Mosaya 29:11.

43a NKM Famba, Famba
naMwari.

46a Mosaya 6:4.

CHITSAUKO 1

Neho anodzidzisa dzidziso dzema-nyepo, anovamba chechi, anounza hupirisita husakarurama asina kufanira, uye ouraya Gideoni—Neho anourairwa mhosva dzake—Hupirisita husakarurama nekunetsana zvinopararira muvanhu—Vapirisita vanozviriritira, vanhu vanochengeta varombo, Chechi inobudirira. Zvingangove makore 91 kusvika ku88 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti mugore rekutanga rekutonga kwevatongi pavanhu vaNifai, kubvira panguva iyoyi zvichien-nda mberi, mambo Mosaya ari akange “aenda nenzira yepasi rose, ari akange arwa hondo yakanaka, achifamba akatwasanuka pamberi paMwari, asina waakasiya panzvimbo yake yekutonga; zvisinei akanga aisa ^bmitemo, uye yakange yatabbirwa nevanhu; saka vakanga vachisungirwa kuteerera mitemo yaakanga avaitira.

2 Uye zvakaitika kuti mugore rekutanga rekutonga kwaAruma ari pachigaro chekutonga, kune “murume akaunzwa kwaari kuzotongwa, murume akange ari hamburamakaka, aizivikanwa pamusana pesimba zhinji raaive naro.

3 Uye akanga afamba muvanhu, achiparidza kwavari “zvaaiti ishoko raMwari, ^bachipandukira chechi; achitaurira

vanhu kuti wose mupirisita nemudzidzisi akafanira “kukudzwa; uye ^ahavafanire kuita basa nemaoko avo, asi kuti vakafanira kuriritirwa nevanhu.

4 Uye aipupura kuvanhu kuti rudzi rwose rwevanhu rwuchaponeswa muzuva rekupedzisi-ra, uye achiti havafanire kutya kana kubvunda, asi kuti vasi-mudze misoro yavo vafare; nokuti Ishe ndivo vakasika vanhu vose, uye vakanunura vose vanhu; uye, mukupedzisi-ra, vose vanhu vachawana upenyu hwokusingaperi.

5 Uye zvakaitika kuti akadzidzisa zvinhu izvi zvekuti vazhinji vakatenda mazwi ake, kana vazhinji vakatenda zvekuti vakatanga kumuriritira neku-mupa mari.

6 Uye akatanga kusimudzwa mukuzvikudza kwemwoyo wake, nokupfeka nhumbi dzinodhura, hongu, akatangisa kumisa “chechi inotevedza tsika yekuparidza kwake.

7 Uye zvakaitika kuti zvaakanga achienda, kunoparidza kune avo vakange vachitenda kushoko rake, akasangana nemurume aive wechechi yaMwari, hongu, mumwe wevadzidzisi vavo; uye akatanga kuita nharo naye dzakaipa, kuti akwezve vanhu vechechi; asi murume uyu akamisidzana naye, achimukonesa “nemazwi aMwari.

8 Zvino zita remurume uyu rainzi “Gideoni; uye ndiye

[ARUMA]

1 1a Mosaya 29:46.

b Jar. 1:5; Aruma 4:16; Hir. 4:22.

2a Aruma 1:15.

3a Ezk. 13:3.

b NKM Asingade Kristu.

c Ruka 6:26; 1 Ni. 22:23.

d Mosaya 18:24, 26; 27:5.

6a 1 Ni. 14:10.

7a NKM Shoko raMwari.

8a Mosaya 20:17; 22:3.

akange ari mudziyo waive mu-
maoko aMwari mukubvisa va-
nhu vaRimuhai muhusungwa.

9 Zvino, nenzira yekuti
Gideoni akamukonesa nemazwi
aMwari akashatirirwa Gideoni,
akaburitsa munondo wake aka-
tanga kumubaya nawo. Zvino
Gideoni semunhu akange akwe-
gura, haana kukwanisa kuzvi-
dzivirira kubaiwa kwaaitwa,
saka ^aakauraiwa nemunondo.

10 Uye murume akamuuraya
akatorwa nevanhu vechechi,
uye vakaenda naye kuna Aru-
ma, kuti ^aatongwe maererano
nemhosva dzaakanga aita.

11 Uye zvakaitika kuti akamira
pamberi paAruma uye akazvi-
reverera nekushinga kukuru.

12 Asi Aruma akati kwaari:
Tarisai, kano ndiko kekutanga
kuti ^ahupirisita husakarurama
huunzwe kuvanhu. Uye tari-
sai, mhosva yako haisi yehupi-
risita husakarurama chete, asi
waedza kumanikidza mabasa
aya nemunondo; uye dai hupi-
risita husakarurama uhwu
hukamanikidzwa kuitwa mu-
vanhu ava zvinoita kuti vapa-
radzwe zvachose.

13 Uye iwe wadeura ropa re-
munhu akarurama, hongu, mu-
rume akaita zvinhu zvakanaka
zvakanwanda muvanhu ava; uye
tikati tikuregere ropa rake richa-
uya patiri rotsvaka ^akudzorera.

14 Saka watongerwa kufa,
maererano nemutemo wataka-

piwa naMosaya, mambo wedu
wekapedzisira; uye wakabvu-
mwa nevanhu vano; nokudaro
vanhu ava vakafanira ^akuita
zvinotaurwa nemutemo.

15 Uye zvakaitika kuti vaka-
mutora; uye zita rake ainzi
^aNeho; uye vakamutakura vaka-
enda naye pachikomo chinonzi
Mandi, uye ipapo akaitwa kuti,
kana kuti akatenda, pakati pe-
matenga nenyika, kuti zvaaka-
nge adzidzisa vanhu zvakanga
zvisingapindirane neshoko ra-
Mwari; uye ipapa akafa ^brufu
rwunonyadzisa.

16 Zvisinei, izvi hazvina kuita
kuti hupirisita husakarurama
husapararire nenyika; nokuti
kwaive nevazhinji vaidanda kuita
zvinhu zvisingabatsire zvemu-
nyika, uye vakaenda vachipari-
dza dzidziso yemanyepo; uye
izvi vaiita kuti vawane ^aupfumi
nekukudzwa.

17 Zvisinei, havaikwanisa ^aku-
nyepa, nokuti vaitya mutemo
kuti zvizivikanwe, nokuti vare-
vi venhema vairangwa; saka
vaiparidza vachinyepera kuti
ndizvo zvavaitenda; uye zvino
mutemo wakanga usina si-
mba pamunhu nekuda ^bkwe-
zvaaitenda.

18 Uye ^ahavaiba, nokuti vaitya
mutemo, nokuti vaidaro vairan-
gwa; kana kupamba, kana
kuponda, nokuti uyo ainge
^baponda airangwa ^cnerufu.

19 Asi zvakaitika kuti wose

9a Aruma 6:7.

10a Mosaya 29:42.

12a 2 Ni. 26:29.

NKM Unyengeri
hwehupirisita.

13a NKM Kutsividza.

14a NKM Kuranga nerufu.

15a Aruma 1:2.

^b Deut. 13:1-9.

16a NKM Upfumi; Chisina
Maturu.

17a NKM Anovimbika;

Kunyepa.

^b Aruma 30:7-12;

Mis. yeCh. 1:11.

18a NKM Kuba.

^b NKM Kuponda.

^c NKM Kuranga nerufu.

akange asiri wechechi yaMwari akatanga kunetsa avo vakanga vari vechechi yaMwari, uye vakange vazvipa zita raKristu.

20 Hongu, vakavanetsa, uye vakavarwadzisa nemazwi akasiyana-siyana, uye zvose izvi nenzira yokupfava kwavo; nokuti vakange vasingadade mumaziso avo, nenzira yekuti vaitaurirana shoko raMwari, pasina "mari kana mutengo.

21 Zvino kwakange kuine mutemo wakaoma muvanhu vechechi, kuti hakufanire kuve nemunhu, wechechi, anosimuka "achinetsa vanhu vasiri vechechi, nekuti hakufanire kuve nekunetsana pachavo.

22 Zvisinei, kwakave nevazhinji vavo vakatanga kudada, uye vakatanga kukakavadzana zvakaoma nevavengi vavo, kana zvekutorovana; hongu, vairovana netsiva.

23 Zvino izvi zvaive mugore rechipiri rekutonga kwaAruma, uye chakanga chiri chinhu chainetsa kwazvo muchechi; hongu, chaive chikonzero chechiedzo chaicho muchechi.

24 Nokuti mwoyo yevazhinji yakanga yaoma, uye mazita avo akanga "adzimwa, zvekuti vakanga vasisarangarirwe mukati mevanhu vaMwari. Uyewo vazhinji ^bvakabva mukati mavo.

25 Zvino izvi zvakange zvirichiedzo chikuru kune avo

vakange vamire vakasimba murutendo: zvisinei, vakanga vakasimba uye vasingazungunuke mukuchengetedza mirairo yaMwari, uye vakatakura "nemwoyo murefu kunetswa kwavaitwa.

26 Uye paisiya vapirisita "mabasa avo kuti vanopa vanhu shoko raMwari, naivowo vanhu vaisiya mabasa avo kuti vano-nzwa shoko raMwari. Uye kana vapirisita vavapa shoko raMwari vose vaidzokera kumabasa avo zvakare vachishanda nesimba; uye mupirisita asingazvise pamusoro peavo vauya kuzoteerera, nokuti muparidzi akanga asiri nani kune muteereri, kana mudzidzisi akanga asiri nani kune mudzidzi; uye ndiko kusaka vose vakange vakaenzana, uye vose vaishanda, wose munhu ^bmaererano nesimba rake.

27 Uye "vaipa zvinhu zvavo, wose munhu nekuwana kwake, ^bkuvarombo, nekune avo vanoshaya, nevanorwara, nevarikurwadziwa; uye vakanga vasingapfeke nhumbi dzinodhura, asi vakange vakatsvinda vachiratidzika.

28 Uye ndiko kumisa kwavakaita nyaya dzechechi; uye ndiko kuita kwavakaita kuti kurambe kuine runyararo zvakare, zvisinei nekunetswa kwose kwavakanga vachiitwa.

20a Isa. 55:1-2.

21a NKM Kupfuvisa.

24a Eks. 32:33;

Mosaya 26:36;

Aruma 6:3.

NKM Kubviswa

Hunhengo.

^b Aruma 46:7.

NKM Kurasika

Pachitendero.

25a NKM Mwoyo Murefu.

26a Mosaya 18:24, 26;

27:3-5.

^b Mosaya 4:27;

D&Z 10:4.

27a NKM Kupa zvipo.

^b Ruka 18:22;

Mosaya 4:26;

D&Z 42:29-31.

29 Uye zvino, nekutsiga kwakange kwaita chechi vakatanga “kupfuma zvikuru, vaine zvinhu zvakawanda pazvinhu zvipi nezvipi zvavaida—matanga akawanda, nemhuru dze-kukodza dzemarudzi akasiyana, nekuwanda kwembeu, negoridhe, nesirivha, nezvinhu zvinokosha, ^bnesirika yakawanda nemachira akarukwa zvinoyevedza, nemhuru dzose dzemachira akanaka.

30 Uye saka, “mukubudirira kwavo, hapana avaitandanisa akange ari ^bmusvo, kana vainge vaine nzara, kana vaive nyota, kana vaive vachirwara, kana vainge vasina kudya; uye havana kuisa mwoyo yavo kupfumi; saka vakanga vachipa zvakawanda wose munhu, harahwa nevadiki, vakasungwa nevakasununguka, varume nevakadzi, vari muhechi kana vasiri muhechi, vasina ^crusaruro kune avo vanoshaya.

31 Uye ndiko kubudirira kwavakaita uye vakapfuma kupfura avo vakanga vasiri vechechi yavo.

32 Nokuti avo vakange vasiri vechechi yavo vakapinda muzvinhu zveuroyi, ^anekunamata zvifananidzo kana ^bnungo, ^cnekutaura zvisina maturo, ^dnomukuchiva nekushushana; vachipfeka nhumbi dzinodhura; ^evachisimudzwa noku-dada kwemaziso avo; kunetsa,

kunyepa, kuba, kupamba, kuita zveupombwe, nokuponda, nekuipa kwakasiyana-siyana; zvisinei, mutemo wakashandiswa kune avo vose vakautyora, se-sekugonekwa kwazvaitwa.

33 Uye zvakaitika kuti mukushandiswa kwemutemo uku kwavari, wose munhu achirangwa maererano nemhosva yaanenge aita, vakatsiga, vakatya kuita zvinhu zvakaipa kuti zvingazivikanwe; saka, kwakave nerunyararo rukuru mukati mevanhu vaNifai kudakara mugore rechishanu rekutonga kwevatongi.

CHITSAUKO 2

Amurisasi anotsvaka kuve mambo uye anorambwa nezwi revanhu—Vateveri vake vanomuita mambo—MaAmurisasi vanoita hondo nema-Nifai uye vobva vakundwa—Ma-Ramani nemaAmurisasi vanobatana uye vanokundwa—Aruma anouraya Amurisasi. Zvingangove makore 87 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechishanu rekutonga kwavo kwakatanga kuve nekupesana pakati pevanhu; nokuti mumwe murume, ainzi Amurisasi, akange ari munhu akachenjera kwazvo, hongu, munhu ane unguwaru huri unguwaru hwenyika, iye akafanana nemunhu akange auraya

29a NKM Upfumi.

b Aruma 4:6.

30a Jak. 2:17–19.

b NKM Murombo.

c Aruma 16:14;

D&Z 1:35.

32a NKM Kunamata

Zvifananidzo.

b NKM Anenungo.

c NKM Kutaura

Zvakaipa.

d NKM Chiva.

e Jak. 2:13; Aruma 31:25; Morm. 8:28.

NKM Kudada.

“Gideoni nemunondo, uyo akauraiwa maererano nemutemo—

2 Zvino Amurisasi uyu mukunyengedza kwake, akanga atora vanhu vazhinji vave kumutevera; vakawanda zvekuti vakatanga kuve vakasimba; uye vakatanga kuedza kuti vaite kuti Amurisasi ave mambo wevanhu.

3 Zvino izvi zvakavhundutsa vanhu vechechi, nekune avo vose vakanga vasina kukwezva mushure mekunyengedzwa naAmurisasi; nokuti vaiziva kuti maererano nemutemo wavo zvinhu zvakadaro zvinoitwa “neizwi revanhu.

4 Naizvozvo, dai zvaitika kuti Amurisasi abvumwe nezwi revanhu, iye semunhu ane uipi, “aizovashaisa zvavakakodzera nepundutso dzechechi; nokuti chaive chinangwa chake kuti aparadze chechi yaMwari.

5 Uye zvakaitika kuti vanhu vakaungana pamwechete munyika yose, wose maererano nepfungwa dzake, kuti ari kurutivi rwaAmurisasi here kana kwete, vakaita zvikwata-zvikwata, vachiitisa nharo “nokupesana kunoshamisa.

6 Uye ndiko kuunganidzana kwavakaita kuti vagotaura zvaivaida pamusoro penyaya iyi; uye ndokubva zvaiswa kuvatongi.

7 Uye zvakaitika kuti izwi revanhu rakarasa Amurisasi,

zvekuti haana kuzoitwa mambo wevanhu.

8 Zvino izvi zvakakonjera kufara kukuru mumwoyo yeavo vakanga vasingamude; asi Amurisasi akafurira avo vakanga vachimuda kuti vavenge avo vakanga vasingamude.

9 Uye zvakaitika kuti vakauanganidzana pamwechete, uye vakagadza Amurisasi kuti ave mambo wavo.

10 Zvino Amurisasi zvaakanga aitwa mambo wavo akatuma vanhu vake kuti vatore zvombo varwisane nehama dzavo; uye izvi akazviita kuti avaise pasi pake.

11 Zvino vanhu vaAmurisasi vaizivikanwa nezita raAmurisasi, vachinzi ^amaAmurisasi; vamwe vakasara vainzi ^bmaNifai, kana kuti vanhu vaMwari.

12 Naizvozvo vanhu vemaNifai vaiziva zvaida kuitwa nevaAmurisasi, uye naizvozvo vakagadzirira kusangana navo; hongu, vakagadzirira neminondo, nezvipanga, neuta, nemi-seve, nematombo, nezvinziriri, “nezvombo zvehondo, zverwudzi rwose.

13 Uye naizvozvo vakanga vakagadzirira kusangana nevaAmurisasi panguva yavakauya. Uye pakaiswa vakuru vehondo, pamusoro pavo pakaiswa vakuru kwavari, nepamusoro paivavo pakaiswa vakuru kwavari, maererano nehuwandu hwavo.

14 Uye zvakaitika kuti Amuri-

2 1a Aruma 1:8.

3a Mosaya 29:25-27;

Aruma 4:16.

4a Aruma 10:19; Hir. 5:2.

5a 3 Ni. 11:29.

11a Aruma 3:4.

b Jak. 1:13-14;

Mosaya 25:12;

Aruma 3:11.

12a Mosaya 10:8;

Hir. 1:14.

sai akapa vanhu vake zvombo zvehondo zverudzi rwose; naiyewo akaisa vatarisi nevatumgamiri vevanhu vake, kuti vavatumgamirire mukurwisana nehama dzavo.

15 Uye zvakaikita kuti maAmurisai akauya nepagomo reAmunihu, rakanga riri kumabvazuva “kwerwizi rwainzi Sidhoni, urwo rwaierera ^bnemunyika yeZarahemura, uye ipapo ndipo pavakatangisa kurwisana nemaNifai.

16 Zvino Aruma, “semukuru wevatongi nagavhuna wevanhu vaNifai, akaenda nevanhu vake, hongu, nevakuru vake vehondo, nevakuru vevakuru vavo, hongu, achitungamira mauto ake, mukurwisana nemaAmurisai.

17 Uye vakatanga kuuraya vaAmurisai pachikomo chiri kumabvazuva kweSidhoni. Uye vaAmurisai akarwisana nemaNifai nesimba guru, zvekuti maNifai mazhinji akauraiwa nemaAmurisai.

18 Zvisinei Ishe vakasimbisa ruoko rwemaNifai, zvekuti vakauraya maAmurisai nokuuraya kukuru, zvekuti vakatanga kutiza.

19 Uye zvakaikita kuti maNifai akatandanisa maAmurisai zuva rose iroro, uye vakauraya nokuuraya kukuru, zvekuti “kwakauraiwa maAmurisai ane gumi rezviuru nezviviri zvine mazana mashanu nemakumi matatu nemweya miviri; uye kwakauraiwa maNifai zviuru

zvitanhatu zvine mazana mashanu ane makumi matanhatu ane mweya miviri.

20 Uye zvakaikita kuti Aruma paakaona kuti haachakwanisa kuramba achitandanisa maAmurisai akaita kuti vanhu vake vadzike tende dzavo “munhika yaGideoni, nhika ichidaidzwa zita raGideoni uya wekuuraiwa neruoko ^brwaNeho nemunondo; uye munhika iyi ndimo makadzika maNifai tende dzavo kweusiku ihwohwo.

21 Uye Aruma akatumira vasori vake kuti vatevere maAmurisai akanga asara, kuti azive zvavakaronga, kuti agozvidzivirira, kuti achengetedze vanhu vake kuti vasaparadzwe.

22 Zvino avo vaakatuma kunosora nzvimbo yemaAmurisai vainzi mazita avo Zeramu, Amunori, Mandi, uye Rimuheri; ava ndivo vakaenda nevanhu vavo kunosora nzvimbo yemaAmurisai.

23 Uye zvakaikita kuti mangwana acho vakadzoka kunzvimbo yemaNifai nokukurumidza kukuru, vachishamiswa zvikuru, uye vakabatwa nekutya kukuru, vachiti:

24 Tarisai, takatevera “maAmurisai kunzvimbo yavo, asi takashamiswa zvikuru, munyika yeMinoni, kumusoro kwenyika yeZarahemura, tiri mukati menyika ^byaNifai, takaona mhomo dzemaRamani; uye tarisai, maAmurisai abatana navo;

25 Uye vari kurwisa hama

15a Aruma 3:3.
b Omu. 1:13–15.
16a Mosaya 29:42.

19a Aruma 3:1–2, 26; 4:2.
20a Aruma 6:7.
b Aruma 1:7–15; 14:16.

24a Aruma 3:4, 13–18.
b 2 Ni. 5:8.

dzedu munyika umu; uye vari kuvatiza nezvipfuyo zvavo, nevakadzi vavo, nevana vavo, vachitiza vakananga kuguta redu; uye kunze kwekunge takurumidza vachatora guta redu, nemadzibaba edu, nevakadzi vedu, nevana vedu vachauraiwa.

26 Uye zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakatora matende avo, uye vakabva munhika yaGideon vakananga kuguta, rakange riri guta ^araZarahemura.

27 Uye tarisai, zvavakanga vave kuyambuka rwizi rweSidhoni, maRamani nemaAmurisasi, vakange ^avakawanda, sekutaurwa kwazvo, sejecha regungwa, vakavarwisa kuti vavaparadze.

28 Zvisinei, maNifai ^avasimbiswa neruoko rwaIshe, vari vakange vanamata zvikuru kwavari kuti vavabvise mumuoko evavengi vavo, naizvozvo Ishe vakanzwa kuchema kwavo, vakavasimbisa, uye maRamani nemaAmurisasi vakawa pamberi pavo.

29 Uye zvakaitika kuti Aruma akarwa naAmurisasi neminondo, vakatarisana; uye vakarwisana zvikuru.

30 Uye zvakaitika kuti Aruma, semunhu waMwari, akatunhwa kwazvo ^anerutendo, akachema, achiti: Imi Ishe, ivai netsitsi uye muchengetedze upenyu hwangu, kuti ndive mudziyo uri muruoko rwenyu kuti ndiponise nokuchengetedza vanhu ava.

31 Zvino Aruma ataura mazwi aya akarwa zvakare naAmurisasi;

uye akasimbiswa, zvekuti akauraya Amurisasi nemunondo.

32 Uye akarwawo namambo wemaRamani; asi mambo wemaRamani akatiza Aruma uye akatumira vachengeti vake kuti varwe naAruma.

33 Asi Aruma nevachengeti vake, vakarwisana nevachengeti vamambo wemaRamani kudakara vavauraya nokuvatandania.

34 Uye ndokubva achenesa pasi, kwaiva kumavirira kwerwizi Sidhoni, achikanda zvitunha zvemaRamani akanga afa mumvura dzeSidhoni, achiitira kuti vanhu vake vakwanise kuyambukira maRamani nemaAmurisasi akange ari kumadokero kwerwizi rweSidhoni.

35 Uye zvakaitika kuti vose zvavakanga vayambuka Sidhoni maRamani nemaAmurisasi vakatanga kutiza, kana dai vakanga vakawanda zvekuti vakanga vasingaverengeke.

36 Uye vakatiza maNifai vachitizira murenje raive kumadokero nekuchamhembe, kure kupfuura miganhu yenyika; uye maNifai akavatandanisa nesimbavavo rose, uye vakavauraya.

37 Hongu, vakatambirwa nemaoko ose, uye vakauraiwa uye vakatinhwa, kudakara vapararira kumadokero, nekuchamhembe, kudakara vasvika murenje, rainzi Herimanzi; uye rakanga ririro divi rerenje iro rakange rizere zvikara.

38 Uye zvakaitika kuti vazhinji vakafa vave murenje umu

26a Omu. 1:14, 18.

27a Jar. 1:6.

28a Deut. 31:6.

30a NKM Rutendo.

pamusana pamaronda avo, uye vakadyiwa nezvikara zviya uye vakadyiwawo nemagora emumhepo; uye mapfupa avo akawanikwa, uye akaunganidzwa pasi.

CHITSAUKO 3

MaAmurisasi vakange vazviisa rupawo maererano nezwi rechipo-rofita—MaRamani akashurikidzirwa pamusana pehupanduki hwa-vo—Vanhu vano-zvishurikidzira vega—MaNifai vanokunda inwe-zve hondo yemaRamani. Zvingangove makore 87 kusvika ku86 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti maNifai akanga asina ^akuuraiwa nezvombo zvehondo, vapedza kuviga avo vakanga vauraiwa—zvino vakanga vauraiwa havana kunge vaverengwa, nenzira yekuwanda kwavo—mushure mekuviga vakafa vavo vose vakadzokera kunyika dzavo, uye kudzimba dzavo, nekuvakadzi vavo, nekuvana vavo.

2 Zvino vakadzi vazhinji nevana vakanga vauraiwa nemunondo, nematanga avo mazhinji; neminda yavo yezvirimwa zvakange zvaparadzwa, nokuti zvakatsikirirwa nemhomo dzevanhu.

3 Uye zvino sezvo maRamani mazhinji nemaAmurisasi akawanda vakange vauraiwa munyasi merwizi rweSidhoni vakaka-

ndwa ^amumvura dzeSidhoni; uye tarisai mapfupa avo ari muudzamu ^bhwegungwa, uye akawanda.

4 Uye ^amaAmurisasi akange akasiyana nemaNifai, nokuti vakange vazviisa ^brupawo vazvinyora neruvara rwutsvuku pamhanza setsika yemaRamani; zvisinei vakanga vasina kugusa misoro yavo semaRamani.

5 Zvino maRamani akanga akaguswa misoro; uye vakanga vasina ^akusimira, kunze kwekatehwe kaive muchiuno chavo, uye vakamoneredzwa, nezvondzivirira muviri, neuta hwavo, nemiseve yavo, nematombo avo, nezvinziriri zvavo, nezvimwe zvakadaro.

6 Uye rukanda rwemaRamani rwaive rwutema, maererano nerupawo rwakange rwaiswa pamadzibaba avo, kwakange kuri ^akutukwa kwavakange waitwa pamusana pekutadza kwavo nekupandukira kwavo vanun'una vavo, vakanga vari Nifai, Jakobho, naJosefa, naSemu, vakanga vari vanhu vakanaka uye vatsvene.

7 Uye vakoma vavo vakatsvaka kuvaparadza, nokudaro vakatukwa, uye Ishe Mwari vakavaisa ^arupawo, hongu, pana Ramani naRemueri, nevanakomana vaIshmaeri, nemadzimai ekwaIshmaeri.

8 Uye izvi zvakaitwa kuti mbeu yavo isiyane nembeu yevanun'una vavo, kuti naizvozvo

3 1a Aruma 2:19; 4:2.

3a Aruma 2:15.

b Aruma 44:22.

4a Aruma 2:11.

b Aruma 3:13–19.

5a Eno. 1:20;

Mosaya 10:8;

Aruma 42:18–21.

6a 2 Ni. 5:21; 26:33.

NKM Kutukwa.

7a 1 Ni. 12:23.

Ishe Mwari vagone kuchenge-
tedza vanhu vavo, kuti varege
“kusanganisa nekutevedza ^btsi-
ka dzisiri idzo dzinoita kuti
vaparadzwe.

9 Uye zvakaitika kuti ani zvake
akasanganisa mbeu yake neye-
maRamani akazvipawo kutu-
kwa kumbeu yake.

10 Naizvozvo, ani zvake aka-
zvibvumira kuti atorwe nema-
Ramani aidaidzwa nezita iroto,
uye pachibva paiswa rupawo
paari.

11 Uye zvakaitika kuti ani
nani zvake akange asingatende
“mutsika dzemaRamani, asi
achitenda izvo zvinyorwa zva-
kanga zvabviwa nazvo Jerusa-
rema, netsika dzemadzibaba
avo, dzaive dziri chaidzo, aite-
nda mumirairo yaMwari uye
achiichengeta, vainzi maNifai,
kana kuti vanhu vaNifai, kubvi-
ra panguva iyoyo—

12 Uye ndivo vakachengeta
zvinyorwa zvine “chokwadi
zvevanhu vavo, nezvevanhu
vemaRamani.

13 Zvino tombodzokera kuma-
Amurisasi zvakare, nokuti naivo-
wo vaive “nerupawo rwakanga
rwaiswa pavari; hongu, vaka-
zviisa rupawo ivo pachavo,
hongu, rupawo rwutsvuku pa-
mhanza dzavo.

14 Ndiko kuzadzikiswa kuno-
itwa shoko raMwari, nokuti aya
ndiwo mazwi avakataura kuna
Nifai: Tarisai, maRamani ndaka-

vatuka, uye ndichaisa rupawo
pavari kuti ivo nembeu yavo
vasiyaniswe newe nembeu yako,
kubvira zvino nariini, kunze
kwekunge vatendeuka kubva
muupi hwavo uye “vopindu-
kira kwandiri kuti ndigovaitira
tsitsi.

15 Uye zvakare: Ndichaisa
rupawo pane uyo anosanganisa
mbeu yake neye vakoma vako,
kuti naivowo vagove vaka-
tukwa.

16 Uye zvakare: Ndichaisa
rupawo pane uyo anorwisana
newe nembeu yako.

17 Uye zvakare, ndinoti uyo
anobva kwauri haazodaidzwa
kunzi mbeu yako; uye ndicha-
kuropafadza, uye ani zvake
achanzi ndewembeu yako, zvi-
no uye narinhi; uye izvi ndizvo
zvivimbiso zvaIshe kuna Nifai
nekumbeu yake.

18 Zvino maAmurisasi havana
kuziva kuti vaive varikuzadzi-
kisa mazwi aMwari pavakata-
nga kuzviisa rupawo pamhanza;
zvisinei vakanga “vapandukira
Mwari zviripachena; naizvo-
zvo zvakanga zvakafanira kuti
kutukwa kuwire pavari.

19 Zvino ndinoda kuti muzive
kuti vakazviparira “kutukwa ivo
pachavo; uye kana naizvozvo
wose munhu anotukwa ano-
zviparira ega kuraswa kwake.

20 Zvino zvakaitika kuti kusati
kwaperama mazuva mazhinji mu-
shure mehondo yakarwirwa

8a NKM Kuroora—
Kuroora
kwevezvitendero
Zvakasiyana.
b Mosaya 10:11-18;

Aruma 9:16.
11a Aruma 17:9-11.
12a Mosaya 1:6;
Eta 4:6-11.
13a Aruma 3:4.

14a 2 Ni. 30:4-6.
18a 4 Ni. 1:38.
NKM Hupanduki.
19a 2 Ni. 5:21-25;
Aruma 17:15.

munyika yeZarahemura, nema-Ramani nemaAmurisai, kuti kwakave neimwe hondo yema-Ramani yakauya kuvanhu va-Nifai, munzvimbo “imwecheteyo pakasangana mauto ekutanga nemaAmurisai.

21 Uye zvakaitika kuti kwakatumirwa hondo kunovatandana kuti vabve munyika mavo.

22 Zvino Aruma pachake akange achitambudzwa “neronda haana kuenda kunorwa panguva iyi nemaRamani;

23 Asi akatumira mauto akawanda kunovarwisa; uye vakaenda vakauraya maRamani mazhinji, uye vakabvisa vakanga vasara vachivatinha kubva munyika mavo.

24 Uye vakadzoka zvakare uye vakatanga kuisa runyararo munyika, vasisatambudzwe kwechinguva nevavengi vavo.

25 Zvino zvose zvinhu izvi zvakaitwa, hongu, dzose hondo idzi nekupesana zvakatanga zvikapera mugore rechishanu rekutonga kwevatongi.

26 Uye mugore rimwechete makaita zviuru nemakumi ezviuru zvemweya yakaenda kunyika yokusingaperi, kuti vanokohwa “mibairo yavo maererano nemabasa avo, kuti ange akanaka here kana kuti akaipa, kuti vakohwe kufara kwokusingaperi kana kusuwa kwokusingaperi, maererano nemweya wavakasarudza kuteerera, kuti

mweya wakanaka here kana wakaipa.

27 Nokuti wose munhu anotambira “mubairo kubva kune uyo waakasarudza ^bkuteerera, uye izvi zviri maererano nema-zwi emweya wechiporofita; saka ngazvive zviri maererano nechokwadi. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechishanu rekutonga kwevatongi.

CHITSAUKO 4

Aruma anobhabhatidza zviuru zvevatendeuki — Kutadza kunopinda muChechi, uye kuenderera mberi kweSangano kunokanganiswa — Nifaiha anoitwa mutongi mukuru — Aruma, semupirisa wepamusoro, anopa nguva yake yose kuhushumiri. Zvingangove makore 86 kusvika ku83 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika mugore rechitanhatu rekutonga kwevatongi vachitonga vanhu va-Nifai, makange musina kupesana kana hondo “munyika yeZarahemura.

2 Asi vanhu vakanga vachirwadziwa, hongu, vairwadziwa zvikuru nenzira “yekurasikirwa nehama dzavo, nekurasikirwawo nematanga avo, nekurasikirwawo neminda yavo yezvirimwa, yakanga yatsikirirwa nekutsokoderwa netsoka nokuparadzwa nemaRamani.

3 Uye kurwadziwa kwavo kwakange kuri kukuru zvekuti

20a Aruma 2:24.

22a Aruma 2:29–33.

26a NKM Mabasa.

27a Mosaya 2:31–33;

Aruma 5:41–42.

^b VaR. 6:16;

Hir. 14:29–31.

NKM Anoteerera.

4 1a Omu. 1:12–19.

2a Aruma 2:19; 3:1–2, 26.

wose mweya waive nechikonzero chekuchema; uye vaite nda kuti kwaive kutongerwa kwavo naMwari nenzira yeuipi hwavo neruvengo rwavo; nai-zvozvo vakamutswa vakarangarira basa ravo.

4 Uye vakatanga kusimbisa chechi zvakanyatsokwana; hongu, uye vazhinji “vakabhabhatidzwa mumvura yeSidhoni uye vakabatanidzwa muchechi yaMwari; hongu, vakabhabhatidzwa neruoko rwaAruma, akanga agadzwa hupirisita ^bhwe-pamusoro pevanhu vechechi, neruoko rwababa vake Aruma.

5 Uye zvakaitika kuti mugore rechinomwe rekutonga kwevatongi kwaive nevanhu vaisvika zviuru zvitatu zvine mazana mashanu emweya yakange yazvibanidza “kuchechi yaMwari uye ikabhabhatidzwa. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechinomwe rekutonga kwevatongi kuvanhu vaNifai; uye mukagara muine runyaro munguva yose iyoyo.

6 Uye zvakaitika mugore rechisere rekutonga kwevatongi, kuti vanhu vechechi vakatanga kudada, nechikonzero “cheupfumi hwavo hwakanyanya, nenhumbi dzavo dzesirika ^bdzakanaka, nemachira avo akarukwa zvakana, uye nenzira yematanga akanga awanda, negoridhe ravo nesirivha, nezvakasiyana-siyana zvinokosha, zvakavanga vawana nekusha-

nda kwavo; uye vachitarisa zvinhu zvose izvi vakasimudzwa nerudado, nokuti vakatangisa kupfeka nhumbi dzinodhura.

7 Zvino izvi zvaikonzera kurwadza kwakanyanya kuna Aruma, hongu, uye kuvanhu vazhinji vakanga “vaitwa vadzidzisi naAruma, nevapirisita, nemagosa muchechi; hongu, vazhinji vavo vakasuwa zvikuru nenzira yeuipi hwavaiona kuti hwakanga hwatanga mukati mevanhu vavo.

8 Nokuti vakaona vakatarisa nokusuwa kukuru kuti vanhu vechechi vakanga vatanga kusimudzwa “murudado rwemaziso avo, nokuisa mwoyo yavo kuupfumi nekuzvinhu zvisina maturo zvenyika, zvekuti vakatanga kushoropodzana, uye vakatanga kunetsa avo vakanga ^bvasingatende maererano nezvavaida ivo zvaivafadza.

9 Uye naizvozvo, mugore iri rechisere rekutonga kwevatongi, kwakatanga kuve “nekupe-sana kukuru mukati mevanhu vechechi; hongu, makave ^bnekuchiva, nokurwisana, nepfini, nekutambudzana, nerudado, kana rwaitokunda rweavo vakanga vasiri vechechi yaMwari.

10 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechisere rekutonga kwevatongi; uye uipi hwechechi hwakave chipingamupinyi chikuru kune avo vakanga vasiri vechechi; uye ndiko kutanga

4a Mosaya 18:10-17.

b Mosaya 29:42.

5a Mosaya 25:18-23;

3 Ni. 26:21.

6a NKM Upfumi.

b Aruma 1:29.

7a NKM Mvumo.

8a NKM Kudada;

Chisina Maturo.

b Aruma 1:21.

9a NKM Gakava.

b NKM Chiva.

kwekutadza kufambira mberi kwechechi.

11 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechipfumbamwe, Aruma akaona uipi hwakange hwave muchechi, uye akaonawo kuti “zvaitwa nechechi zvakatangisa kutungamira avo vakanga vasingatende mukubva pane ichi chitadzo vachienda mune chimwe, zvichiunza kuparadzwa kvevanhu.

12 Hongu, akaona kusaenzana kukuru kwezvinhu mukati mevanhu, vamwe vachizvisimudzira nekudada kwavo, vachishoropodza vamwe, “vachifukatira vanoshaya nevasina kusimira uye vakange vaine ^bnzara, neavo vakanga vaine nyota, neavo vakange vachirwara vachirwadziwa.

13 Zvino ichi chakave chikonzero chikuru kwazvo chekuchema mukati mevanhu, vamwe vachizvirereka, vachiyamura avo vaida ruyamuro rwavo, zvakaita “sekupa zvinhu zvavo kuvorombo neavo vanoshaya, kupa zvekudya kune vane nzara, nokutambudzika ^bnokurwadziwa kwakasiyana-siyana, ‘mukuitira Kristu, uyo akafanira kuuya maererano nemweya wechiprofita;

14 Vachitarisira kuzuva iroro, naizvozvo vachibva “vawana kuregererwa kwezvitadzo zvavo; vachizadzwa ^bnokufara

kukuru pamusana pekumuka kwevakafa, maererano nokuda nesimba nokubviswa naJesu Kristu mumajoto erufu.

15 Zvino zvakaitika kuti Aruma, aona kurwadziwa kwevateveri vaMwari vakazvirereka, nokutambudzwa kwavakanga varemmedzwa nako nevakasara vevanhu vake, nekuona “kusaeenzana kwavo, akatanga kunzwa kusuwa chaizvo; zvisinei Mweya waIshe hauna kumusiya.

16 Uye akasarudza mumwe murume aive neungwaru aive mumwe wemagosa echechi, uye akamupa simba “sekutaurwa kwazvakaitwa nevanhu, kuti ave nesimba rekuita mitemo maererano ^bnemitemo yakanga yapiwa, nokuishandisa zvirima maererano neupi nemhosva dzevanhu.

17 Zvino zita remurume uyu rainzi Nifaiha, uye akaitwa mutongi “mukuru; uye akagara pachigaro chekutonga achitonga vanhu.

18 Zvino Aruma haana kumupa nzvimbo yehupirisita hwepamusoro hwechechi, asi iye akazvichengetera chinzvimbo chemufundisi wepamusoro; asi akaisa chigaro chekutonga kuna Nifaiha.

19 Uye izvi akazviita kuti iye “pachake agone kuenda muvanhu, kana muvanhu vaNifai, kuti agoparidza ^bshoko raMwari

11a II Sam. 12:14;

Aruma 39:11.

12a Isa. 3:14; Jak. 2:17.

^b Mosaya 4:26.

13a NKM Kupa zvipo.

^b NKM Matambudziko.

^c II VaKori. 12:10.

14a Mosaya 4:12;

Aruma 5:26-35.

NKM Natsa.

^b NKM Rufaro.

15a D&Z 38:27; 49:20.

16a Aruma 2:3-7.

^b Aruma 1:1, 14, 18.

17a Aruma 50:37.

19a Aruma 7:1.

^b Aruma 31:5;

D&Z 11:21-22.

kwavari, “kuvamutsa kuti ^avarangarire basa ravo, nekuti akweverere pasi, neshoko raMwari, kwose kudada nekunyengedza nekwose kupesana kwaive muvanhu vake, achiona kuti haana imwe nzira yekuvadzora nayo kunze kwekuvakona ^amuuchapupu huzere nezvavo.

20 Uye mukutanga kwegore rechipfumbamwe rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai, Aruma akapa chigaro chekutonga kuna ^aNifaiha, uye ndokubva aramba ari muhupirisita ^bhwepamusoro chete hweboka raMwari dzvene, mukupupura shoko, maererano nemweya wezvakarurwa nechiporofita.

Mazwi ayo Aruma, Mupirisita Wepamusoro maererano negwaro dzvene raMwari, aakatumira kuvanhu vari mumaguta nemumisha munyika yose.

Zvichisanganisa chitsauko 5.

CHITSAUKO 5

Kuti tiwane ruponeso, vanhu vanofanira kutendeuka nokuchengetedza mirairo, vozvarwa patsva, vashambidze nguwo dzavo muropa raKristu, vazvininipise vazvibvise kuzvikudza noruchiva, nokuita mabasa outsvene—Mufudzi Akanaka anodaidza vanhu vake—Avo vanoita mabasa akaipa vana vadhiabhoh-

rosi—Aruma anopupura chokwadi chedzidziso yake nokuraira vanhu kuti vatendeuke—Mazita aVatsvene achanyorwa mubhuku roupenyu. Zvingangowe makore 83 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti Aruma akatangisa ^akuendesa shoko ^braMwari kuvanhu, kutanga munyika yeZarahemura, uye kubva imomo kuenda kunyika yose zvayo.

2 Uye aya ndiwo mazwi aakataura kuvanhu muchechi rakavambwa muZarahemura, maererano nezvinyorwa zvake, achiti:

3 Ini Aruma, ^asezvandakagadzwa nababa vangu Aruma, kuti ndive mupirisita ^bwepamusoro pachechi yaMwari, iye ane simba ^cnemvumo kubva kunaMwari kuti aite zvinhu izvi, tarisai, ndinoti kwamuri akatangisa kumisa chechi ^dmunyika yakanga iri kumuganhu neNifai; hongu, iyo nyika yainzi nyika yaMormoni; hongu, akabhabhatidza hama dzake mumvura dzaMormoni.

4 Uye tarisai zvino ndinoti kwamuri, ^avakabviswa kubva mumaoko avanhu vamambo Noa, netsitsi nesimba raMwari.

5 Uye tarisai, shure kweizvi, vakaiswa ^amuusungwa namaRamani murenje; hongu, ndinoti kwamuri vakanga vari muusungwa, uye Ishe vakavabvisa

19c Eno. 1:23.
d Mosaya 1:17;
Hir. 12:3.
e NKM Uchapupu.
20a Aruma 8:12.
b Mosaya 29:42;

Aruma 5:3, 44, 49.
5 1a Aruma 4:19.
b Aruma 5:61.
3a NKM Gadza.
b Aruma 4:4, 18, 20.
c Mosaya 18:13;

3 Ni. 11:25.
d Mosaya 18:4;
3 Ni. 5:12.
4a Mosaya 23:1–3.
5a Mosaya 23:37–39;
24:8–15.

^bmuusungwa uhwu nesimba reshoko ravo; uye tikaunzwa munyika ino, muno tikatangi-sawo kuvaka chechi yaMwari munyika ino zvakare.

6 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri hama dzangu, imi mose muri vechechi yino, munonyatsoyeuka here usungwa hwamadzibaba enyu? Hongu, uye munonyatsoyeuka here tsitsi nemwoyo murefu wake kwavari? Uye zvakare, munonyatsoyeuka zvizere here kuti akabvisa mweya yavo mugehena?

7 Tarisai, akashandura mwoyo yavo; hongu, akavamutsa pakurara kwakadzika, vakamuka kunaMwari. Tarisai, vakanga vari pakati perima; zvisinei, mweya yavo yakanga yakajekeswa nechiedza cheshoko risingaperi; hongu, vakanga vakakomberedzwa “nemajoto orufu, ^bnengetani dzegehena, nokuparadzwa kusingaperi kwakanga kwakavamirira.

8 Uye zvino ndinokubvunzai, hama dzangu, vakazoparadzwa here? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete, havana.

9 Uye ndinokubvunzai zvakare, mbambo dzorufu dzakadamburwa here, nengetani dzegehena dzakanga dzakavatenderedza, dzakasunungurwa here? Ndinoti kwamuri, Hongu, dzakasunungurwa, uye mweya

yavo ikafuta, vakaimba rudo rwokununurwa. Ndinoti kwamuri vakaponeswa.

10 Uye zvino ndinobvunza kwamuri kuti “vakasunungurwa sei? Hongu, vanga vane chikonzero chei kuti vatarisire ruponeso? Chikonzero chei chakaita kuti vasunungurwe kubva mumajoto erufu, nengetani dzegehena?

11 Tarisai, ndinokuudzai— baba vangu Aruma havana kutenda mazwi ayo akataurwa kubva mumuromo “waAbhinadhai here? Ko akanga asiri muporofita mutsvene here? Ko akanga asingatauri mazwi aMwari here, baba vangu Aruma vakaatenda?

12 Uye maererano nokutenda kwavo kwakave “nokushanduka kukuru mumwoyo wavo. Tarisai ndinoti kwamuri izvi zvose ndezvechokwadi.

13 Uye tarisai, “akaparidza shoko kuna madzibaba enyu, uye rushanduko rwokuru rwa-kaoneka mumwoyo yavo, vakazvinipisa nokuisa ^bruvimbo rwavo munaMwari wechokwadi ‘anorarama. Uye tarisai, vakave nokutenda kusvika “kumagumo; saka naizvozvo vakasunungurwa.

14 Uye zvino tarisai, ndinokubvunzai, hama dzangu dzomucheche, ko “makaberekwa

5b Mosaya 24:17.

7a Mosaya 15:8.

b Aruma 12:11;

D&Z 138:23.

10a NKM Ruponeso;

Hurungwa

hweRununuro.

11a Mosaya 17:1-4.

12a NKM Kupinduka.

13a Mosaya 18:7.

b NKM Vimba.

c Morm. 9:28;

D&Z 20:19.

d NKM Tsungirira.

14a Mosaya 27:24-27;

Aruma 22:15.

NKM Kuberekwa

naMwari,

Kuberekwa Patsva.

pamweya munaMwari here? Mufananidzo wavo wave kuonekwa mamuri here? Makanzwa ^bkupinduka kukuru uku here mumwoyo yenyu?

15 Ko munoshandisa rutendo here murununuro rwake iye “akakusikai? Munotaraisira mberi here neziso rorutendo, muchiona muviri unofa uchimutswa mukusafa, nokuipa uku ^bkuchimutswa mukusaipa, muchimira pamberi paMwari kuti ‘mutongwe maererano nama-basa akaitwa mumuviri unofa?

16 Ndinoti kwamuri, mungazvifunge here pachenyu kuti muri kunzwa izwi ralshe, richiti kwamuri muzuva iroro: Uyai kwandiri imi “makaropafadzwa, nokuti tarisai, mabasa enyu anga ari mabasa eutsvene pamusoro penyika?

17 Kana kuti mungafunge pachenyu kuti munganyepe kunalshe pazuva iroro, “muchiti—Ishe, mabasa edu anga ari mabasa matsvene pamusoro penyika—uye kuti iye agokuponesai?

18 Kana kuti nedzimwe nguva, mungafunge here maunzwa pamberi pedare raMwari mweya yenyu yakazadzwa nemhosva nokusuwa, muchiyeyuka mhosva dzenyu dzose, hongu, “kurangarira chaiko kuipa kwenyu, hongu, rangariro yekuti

makakanganisa mitemo yaMwari?

19 Ndinoti kwamuri, mungatarise kunaMwari here pazuva iroro nomwoyo mutsvene namaoko akachena? Ndinoti kwamuri mungatarisa here, muine “mufananidzo waMwari wakanyorwa pazviso zvenyu?

20 Ndinoti kwamuri, mungafunge here kuti mungaponeswa kana imi makazvipira kuve “vanhu vadhiabhorosi?

21 Ndinoti kwamuri, munozoziva nezuva iroro kuti “hamuzoponeswa; nokuti hapana munhu angaponeswe kunze kwokunge ^bnguo dzake dzagezwa dzikachena; nguwo dzake dzinofanirwa ‘kudzumburudzwa kusvikira dzacheneswa kubva kavara ketsvina kose, kuburikidza neropa reuyo akataurwa namadzi-baba edu, anofanira kuuya kuti adzikinure vanhu vake muzvivi zvavo.

22 Uye zvino ndinokukumbirai, hama dzangu, kuti mumwe wenyu anganzwe sei, kana muchinge mamira pamberi pechigaro chekutonga chaMwari, mune nguwo dzina mavara “eropa nedzimwe dzose ^btsvina? Tarisai, zvinhu izvi zvichapupura chii pamusoro penyu?

23 Tarisai “hazvizopupura here kuti muri mhondi, hongu,

14b VaR. 8:11-17;
Mosaya 5:2; Mos. 6:65.
NKM Kupinduka.

15a NKM Sika.
b NKM Kumuka
Kuvakafa.
c NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

16a Mat. 25:31-46.
17a 3 Ni. 14:21-23.
18a Ezk. 20:43;
2 Ni. 9:14;
Mosaya 3:25;
Aruma 11:43.
19a I Joh. 3:1-3.
20a Mosaya 2:32.

21a NKM Ruponeso.
b 1 Ni. 12:10;
Aruma 13:11-13;
3 Ni. 27:19-20.
c NKM Chakachena.
22a Isa. 59:3.
b NKM Hutsvina.
23a Isa. 59:12.

uye kuti mune mhosva yekuipa kwose?

24 Tarisai hama dzangu, munofunga here kuti munhu akadararo angawana nzvimbo yokugara muumambo hwaMwari, ^anaAbrahama, naIsaka, uye naJakobo, uye zvakare navose vaporofita vatsvene, vane nguodzakacheneswa dzisina kava-ra, dzakachena noutsvene?

25 Ndinoti kwamuri, Kwete; kunze kwokunge mati Musiki wedu munyepi kubvira pakutanga, kana kufungira kuti munyepi kubva pakutanga, hamungafunge kuti akadararo angawana nzvimbo muumambo hwokudenga; asi vacharaswa kunze nokuti ^avana veumambo hwadhiabhorosi.

26 Uye zvino tarisai ndinoti kwamuri, hama dzangu, kana muchinge manzwa ^akushanduka kwemwoyo, uye kana muchinzwa kuda kuimba ^brumbo rwerudo rwunonunura, ndinobvunza, murikunzwa kudaro iye zvino ^chere?

27 Makafamba here, musina ^amhaka pamberi paMwari? Mungati here, dai makadaidzwa kuti mufe nguva ino, mukati menyu, tanga ^btakazvinipisa zvakakwana? Kuti nguodzanyu dzashambidzwa dzikaitwa chena neropa raKristu, uyo achauya ^ckuzonunura vanhu kubva pazvivi zvavo here?

28 Tarisai makabviswa ^akuzvikudza here? Ndinoti kwamuri, kana musina hamuna kuzviga-dzirira kuti musangane naMwari. Tarisai munofanira kugadzirira nokukurumidza; nokuti umambo hwokudenga zvino hwava pedyo, nokuti asina kudaro haawane upenyu hwokusingaperi.

29 Tarisai, ndinoti pane mumwe wenyu here asina kubvisa ^aruchiva? Ndinoti kwamuri munhu iyeye haana kugadzirira; ndinoti agadzirire nokukurumidza, nokuti nguva yave pedyo, zve iye haazive kuti nguva ichasvika rinhi; nokuti wakadararo iyeyo haazoonekwa asina mhosva.

30 Uye zvakare ndinoti kwamuri, pane mumwe pakati penyu here ^aanotuka hama yake, kana kuti anounganidza kunyomba kwose paari?

31 Nhamo kune akadararo, nokuti haana kugadzirira, uye nguva yava pedyo kuti atende-uke kana kuti haazoponeswa!

32 Hongu, kunyange nhamo kune avo vose ^avashandi vemabasa etsvina; tendeukai, tendeukai nokuti Ishe Mwari vazvitauro!

33 Tarisai, anokoka munhu ^awose, nokuti ^bmaoko ane tsitsi anotambanudzirwa kwavari, achiti: Tendeukai, uye ndinokugamuchirai.

24a Ruka 13:28.

25a 2 Ni. 9:9.

26a NKM Kupinduka.

b Aruma 26:13.

c Mosaya 4:12;

D&Z 20:31–34.

27a NKM Natsa.

b NKM Akazvinipisa.

c NKM Akanunura.

28a NKM Kudada.

29a NKM Chiva.

30a NKM Kutaura

Zvakaipa.

32a Mpi. 5:5.

33a Aruma 19:36;

3 Ni. 18:25.

b Jak. 6:5;

3 Ni. 9:14.

34 Hongu, akati: “Uyai kwandiri muchadya ^bmuchero womuti woupenyu; hongu, muchadya nokunwa ^cchingwa nemvura youpenyu ^amakasununguka;

35 Hongu, uyai kwandiri uye muunze mabasa eutsvene, hamuzotemwa muchikandwa mumoto—

36 Nokuti tarisai, nguva yava pedyo yokuti uyo ^aanounza michero isina kunaka, kana uyo asingaite mabasa akarurama, iyeye ane chikonzero chokurwadziwa nokuchema.

37 Imi mose munoita mabasa akaipa; imi mose makadzwa zvinhu ^azvisina basa zvenyika ino, imi maiti munoziva nzira dzeutsvene asi imi maenda ^brutivi ^csamakwai asina mufudzi, zvisinei nekuti mufudzi ^aakakudanai uye nazvino ari kukudanai, asi ^chamungateereri kuzwi rake!

38 Tarisai, ndinoti kwamuri, ^amufudzi akanaka anokudanai; hongu, uye muzita rake iye anokudanai, rinova zita raKristu; uye kana ^bmusingateereri kuzwi romufudzi ^cakanaka, ^dkuzita ramunenge muchidaidzwa naro,

tarisai, munenge musiri hwai dzomufudzi akanaka.

39 Uye zvino kana musiri hwai dzomufudzi akanaka, ko zvino muri ^avedanga ripi? Tarisai, ndinoti kwamuri, ^bdhiabhorosi ndiye mufudzi wenyu, muri vedanga rake; zvino ndiani angaramba izvi? Tarisai, ndinoti kwamuri, uyo anoramba izvi ^cmurevi wenhema zvakare ^dmwana wadhiabhorosi.

40 Nokuti ndinoti kwamuri zvose ^azvakanaka zvinobva kuna Mwari, zvose zvakaipa zvinobva kuna dhiabhorosi.

41 Naizvozvo, kana munhu akaunza mabasa ^aakanaka anoteerera mazwi omufudzi wakanaka, uye anomutevera; asi uyo anounza mabasa akaipa, iyeye achava ^bmwana wadhiabhorosi, nokuti anoteerera izwi rake, nokumutevera.

42 Uye uyo wose anoita izvi anofanirwa kugamuchira ^amubairo wake; naizvozvo, ^bsemubairo wake anogamuchira ^crufu, kuzvinhu zviri maerera no noutsvene, akafa kumabasa ose akanaka.

43 Uye zvino hama dzangu, ndinoda kuti mundinzwe, nokuti

34a 2 Ni. 26:24-28;
3 Ni. 9:13-14.
b 1 Ni. 8:11; 15:36.

c NKM Chingwa
cheUpenyu.
d 2 Ni. 9:50-51;
Aruma 42:27.

36a Mat. 3:10; 7:15-20;
3 Ni. 14:19;
D&Z 97:7.

37a NKM Chisina Maturo.
b 2 Ni. 12:5; 28:14;
Mosaya 14:6.
c Mat. 9:36.

d Zir. 1:24-27;
Isa. 65:12.

e Jer. 26:4-5;
Aruma 10:6.

38a NKM Mufudzi
Akanaka.

b Zvaka. 26:14-20;
D&Z 101:7.
c 3 Ni. 15:24; 18:31.

d Mosaya 5:8;
Aruma 34:38.

39a Mat. 6:24;
Ruka 16:13.
b Mosaya 5:10.

NKM Dhiabhorosi.

c I Joh. 2:22.

d 2 Ni. 9:9.

40a Omu. 1:25; Eta 4:12;
Moro. 7:12, 15-17.

41a 3 Ni. 14:16-20.
NKM Mabasa.

b Mosaya 16:3-5;
Aruma 11:23.

42a Aruma 3:26-27;
D&Z 29:45.

b VaR. 6:23.

c Hir. 14:16-18.

NKM Rufu, rweMweya.

ndinotaura nesimba romweya wangu; nokuti tarisai, ndataura kwamuri zviri pachena kuti musakanganise, kana kuti ndataura maererano nemirairo yaMwari.

44 Nokuti ndanzi nditaure nenzira yakadai, maererano nehurongwa “hutsvene hwaMwari, uhwo huri munaKristu Jesu; hongu, ndinorairwa kuti ndimire nokupupura kuvanhu ava zvinhu zvakataurwa nama-dzibaba edu maererano nezvinhu zvichauya.

45 Uye izvi hazvisi izvo zvose. Hamufunge here kuti ini “ndinoziva zvinhu izvi? Tarisai, ndinopupura kwamuri kuti ndinoziva kuti zvinhu izvi zva-ndataura ndezve chokwadi. Ko munofunga kuti ndinoziva sei kuti ndezve chokwadi?

46 Tarisai, ndinoti kwamuri, “zvaka-ziviswa kwandiri noMweya Mutsvene waMwari. Tarisai, ^bndakatsanya nokunamata kwamazuva akawanda kuti ndizvize zvinhu izvi. Uye zvino ndava kuziva pachangu kuti ndezve chokwadi; nokuti Ishe Mwari vazviratidza kwandiri noMweya Mutsvene; uyu ndiwo mweya ‘wezviratidzo uri mandiri.

47 Uyezve, ndinoti kwamuri izvi zvakaratidzwa kwandiri, kuti mazwi akataurwa nama-dzibaba edu ndechokwadi, uye maererano nomweya wokupo-

rofitu uri mandiri, uyo unova unoratidza Mweya waMwari.

48 Ndinoti kwamuri, ndinoziva pachangu kuti zvose zvandichataura kwamuri, pamusana peizvo zvichauya, ndezve chokwadi; zve ndinoti kwamuri, ndinoziva kuti Jesu Kristu achauya, hongu, Mwanakomana, Uyo Mumwechete Akaberekwa waBaba, azere nenyasha, netsitsi, nechokwadi; Uye tarisai, ndiye achauya kuzobvisa zvitadzo zvenyika, hongu, zvivi zvomunhu wose achatenda nomwoyo wose muzita rake.

49 Uye zvino ndinoti kwamuri iyi ndiyo “nzira yandakaidzwa nayo, hongu, kuti ndiparidze kuhama dzangu dzandinodisa, hongu, nekuna vose vagere munyika; hongu, kuti ndiparidze kune vose, vakuru navaduku, vakasungwa navakasununguka; hongu, ndinoti kwamuri imi makwegura, navachiri pakati napakati, nezera riri kukura; hongu, kuti ndivachemere kuti vatendeuke ^bvazvarwe patsva.

50 Hongu, uku ndiko kutura kwoMweya: Tendeukai, imi mativi ose enyika, nokuti umambo hwokudenga hwava pedyo; hongu, Mwanakomana waMwari anouya “mukubwinya kwake, musimba rake, umambo, simba, nokutonga kwose. Hongu, hama dzangu dzinodiwa, ndinoti kwamuri, Mweya unoti:

44a Aruma 13:6.

45a NKM Uchapupu.

46a I VaKori. 2:9-16.

^b NKM Kutsanya.

^c NKM Zvakazarurwa.

49a NKM Akadaidzwa naMwari; Hupirisita.

^b NKM Kuberekwa naMwari, Kuberekwa Patsva.

50a NKM Kubwinya; Kuuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu.

Tarisai kubwinya ^bkwamambo wepasi rose; uye naMambo wokudenga achapenya munguva iri kuuya pakati pavana vose vavanhu.

51 Uye mweya wati kwandiri, hongu, wachema kwandiri nezwi rine simba uchiti: Enda unoti kuvanhu ava—Tendeukai, nokuti kunze kwekunge matendeuka hamungazombogashiri umambo ^ahwokudenga.

52 Uye zvakare ndinoti kwamuri, Mweya unoti: Tarisai, ^ademo rinoradzikwa pamudzi womuti; naizvozvo muti wose usingaunze muchero wakanaka ^buchatemwa ugokandwa mumoto, hongu, moto usingadzimuki, kana moto usingadzimuriki nariini. Tarisai, muyeuke, Mutsvene azvitauro izvi.

53 Uye zvino hama vadikani, ndinoti kwamuri, munganzwisisa here zvinhu izvi; hongu, mungaisa parutivi here zvinhu izvi zvose, ^anokutsikirira uyo Mutsvene pasi petsoka dzenyu; hongu, mungave munozadzwa here mumwoyo menyu ^bnokuzvikudza; hongu, mungarambe muchida here kuti muzvishongedze nezvinhu ^czvinodhura muchiisa mwoyo yenyu muzvinhu zvenyika, zvisina maturo, ^dmuupfumi hwenyu?

54 Hongu, mungarambe muchizviita here vanhu vari nani kuna vamwe venyu; hongu, mungarambe here muchishora hama dzenyu, idzo dzinozviniipisa nokufamba munzira yakarurama yaMwari, yava-kaunzwa nayo kucheche ino, savanhu vakaitwa kuti vave ^avatsvene noMweya Mutsvene, uye vanounza mabasa anoratidza kutendeuka —

55 Hongu, mungaramba muchifuratira ^avarombo, navanoshaya, muchivanyima zvamuinazvo here?

56 Uye mukupedzisa, imi mose mucharamba muchiita zvakaiipa, ndinoti kwamuri ava ndivo vachatemwa nokukandwa mumoto kunze kwokunge vatendeuka nokukurumidza.

57 Uye zvino ndinoti kwamuri, avo vose vanoda kutevera izwi ^aromufudzi akanaka, ibvai mune vakaipa, ^bmupararane navo, nokusabata zvinhu zvavo zvine tsvina; uye tarisai, mazita avo ^cachadzimwa, nokuti mazita avanhu vakaipa haazoverengwa pamwe navatsvene; kuti shoko raMwari rizadzikiswe, iro rinoti: Mazita avanhu vakaipa hazosanganiswa namazita avanhu vangu;

58 Nokuti mazita avatsvene

50b Mpi. 24; Mat. 2:2; Ruka 23:2; 2 Ni. 10:14; D&Z 38:21–22; 128:22–23; Mos. 7:53. NKM Jesu Kristu; Umambo hwaMwari kana Umambo hweKudenga.

51a NKM Denga.
52a Ruka 3:9; D&Z 97:7.
b Jak. 5:46; 6:7;
3 Ni. 27:11–12.
53a 1 Ni. 19:7.
b NKM Kudada.
c 2 Ni. 28:11–14; Morm. 8:36–39.
d Mpi. 62:10; D&Z 56:16–18.

54a NKM Kutsveneswa.
55a Mpi. 109:15–16; Jak. 2:17; Hir. 6:39–40.
57a NKM Mufudzi Akanaka.
b Ezra 6:21; 9:1; Neh. 9:2; II VaT. 3:6; D&Z 133:5, 14.
c Deut. 29:20; Moro. 6:7; D&Z 20:8.

achanyorwa “mubhuku roupenyu, zve kwavari ndichapa nhaka yokuti vagare kurudyi rwangu. Uye zvino hama dzangu, ndezvipi zvamuinazvo zvamungataure muchipikisa izvi? Ndinoti kwamuri, mukataura muchipikisa izvi, hapana zavzinoita, nokuti shoko raMwari rinofanira kuzadzikiswa.

59 Nokuti mufudzi akaita sei pakati penyu anoti aine makwai akawanda haatarise, kuti mapere asapinda nokuparadza danga rake? Uye tarisai, kana bere rapinda mudanga rake haaritandire kunze here? Hongu, pakupedzisira, akakwanisa, anoriparadza.

60 Uye zvino ndinoti kwamuri mufudzi akanaka ari kukudaidzai; uye mukateerera izwi rake anokuisai mudanga rake, muri makwai ake; anokurairai kuti musabvumire zvikara kupinda pakati penyu, kuti musaparadzwe.

61 Uye zvino ini Aruma, ndinokurairai mururimi “rwouya akandiraira, kuti muve munochengetedza mazwi andakakutaurirai.

62 Ndinotaura nezwi rokuraira kwamuri muri muchechi; kune avo vasiri vechechi ndinotaura nezwi rokukoka, ndichiti: Uyai mubhabhatidzwe nokutendeuka, kuti nemiwo muve vadyi vomuchero “womuti woupenyu.

CHITSAUKO 6

Chechi yemuZarahemura rinocheneswa uye ndokubva ragadziridzwa—Aruma anoenda kuGideoni kunoparidza. Zvingangove makore 83 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma apedza kutaura kuvanhu vechechi, rakange ramiswa muguta reZarahemura, akagadza “vapirisita ^bnemagosa, kugadza ^cmaoko pamusoro maererano nekutaura kwaMwari, kutungamira ^dnokutarisa chechi.

2 Uye zvakaitika kuti wose akanga asiri wechechi akatendeuka kubva muzvitema zvake “akabhabhatidzwa muku-tendeuka, uye vakagashirwa muchechi.

3 Uye zvakaitikawo kuti wose akanga ari muchechi asi asina “kutendeuka muhuipi hwake nokuzvirereka pamberi paMwari—ndinoreva avo vakanga vakasimudzwa ^bnerudado mumwoyo mavo—ivavo vakarambwa, uye mazita avo ^cakadzimwa, zvekuti mazita avo haana kuverengerwa kune evakarurama.

4 Uye vakatanga kugadzira chechi nekuyimisa muguta reZarahemura.

5 Zvino ndinoda kuti muzive kuti shoko raMwari rakange riri

58a NKM Bhuku reUpenyu.

61a Aruma 5:44.

62a 1 Ni. 8:10; 11:21–23.

6 1a NKM Gadza.

b NKM Gosa.

c NKM Maoko,

Kugadzwa kwe.

d D&Z 52:39.

2a NKM Bhabhatidza.

3a Mosaya 26:6.

b NKM Kudada.

c Eks. 32:33;

Mosaya 26:36;

Aruma 1:24; 5:57–58.

NKM Kubviswa

Hunhengo.

remunhu wose, zvekuti hakuna vainyimwa pundutso yekuti vanunganidzane pamwechete kuti vanzwe shoko raMwari.

6 Zvisinei vana vaMwari vakanga vakataurirwa kuti vauunganidzane kazhinji, vobatana “mukutsanya nemumunamoto mukuru vachiitira magariro akanaka emweya yeavo vakanga vasingazive Mwari.

7 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma paakanga amisa mitemo iyi akabva pavari, hongu, kubva muchechi yakange iri muguta reZarahemura, uye ndokuyambuka rwizi rweSidhoni nehekumabvazuva kwarwo, ndokupinda “munhika yaGideoni, umo makanga mavakwa guta, rakanga richidaidzwa kunzi guta raGideoni, raive munhika yainzi Gideoni, richidaidzwa zita remurume akanga ^bauraiwa neruoko rwaNeho nemunondo.

8 Uye Aruma akaenda uye akatanga kutaura shoko raMwari kuchechi rakanga raiswa munhika yaGideoni, maererano nekuiswa pachena kwechokwadi cheshoko rakanga rataurwa nemadzibaba ake, nemaererano nemweya wechiporofita wakanga uri maari, maererano “neuchapupu hwajesu Kristu, Mwanakomana waMwari, achauya kuzonunura vanhu vake muzvitema zvavo, nehurongwa utsvene hwakamudaidza. Uye ndiko kunyorwa kwazvakaitwa. Amen.

Mazwi aAruma aakataura kuvanhu muGideoni, maererano nezvinyorwa zvake.

Zvichisanganisa chitsauko 7.

CHITSAUKO 7

Kristu achazvarwa naMaria — Ahasunungura majoto erufu uye agotakura zvitadzo zvevanhu vake — Avo vanotendeuka, vanobhabhatidzwa, uye vanochengetedza mirau vachawana upenyu hwokusingaperi — Utsvina haungawane nhaka yeumambo hwaMwari — Kuzvirereka, rutendo, tarisiro, nerudo rwakadzama zvinodiwa. Zvingangove makore 83 Kristu asati azvarwa.

TARISAI hama dzangu dzinodikanwa, ndichiona kuti ndabvumirwa kuuya kwamuri, naizvozvo ndinoedza “kutaura kwamuri nematauriro angu; hongu, nemuromo wangu, sezvo ndichiona iri nguva yekutanga yekuti nditaure kwamuri nemazwi emuromo wangu, sezvo ndiri munhu akange agere nzvimbo imwechete pachigaro ^bchekutonga, ndiine basa rakawanda zvekuti ndakange ndisingakwanise kuuya kwamuri.

2 Uye kana izvozvi ndingadai ndisina kuuya zvino panguva ino dai pasina kuti chigaro chekutonga “chakapihwa mumwe, kuti atonge munzvimbo yangu; uye Ishe netsitsi dzakawanda vabvumira kuti ndiuye kwamuri.

6a NKM Kutsanya.
7a Aruma 2:20.
b Aruma 1:9.

8a Zvaka. 19:10.
7 1a Aruma 4:19.
b Mosaya 29:42.

2a Aruma 4:16–18.

3 Uye tarisai, ndauya ndiine tariro huru nekuda kukuwanai muri vanhu vakazvirereka pamberi paMwari, nokuti maramba muchinamatira nyasha dzavo, kuti ndiwane musina chamunoshorwa pamberi pavo, kuti ndikuwanei musiri mudambudziko rinotyisa rakaita seraive nehama dzedu kuZarahemura.

4 Asi ngariropafadzwe zita raMwari, kuti vandipa kuti ndizive, hongu, vapa kwandiri ini kufara kukuru kwekuziva kuti vamiswa zvakare munzira yake yekururama.

5 Uye ndinovimba, maererano neMweya waMwari uri mandiri, kuti ndichawanawo rufaro nemi; zvakadaro handidi kuti rufaro rwangu nemi rwuuye nenzira yekunge ndarwadziwa zvakananyana nokusuwa zvandakaita nehama dzeZarahemura, nokuti tarisai, rufaro rwangu rwakauya mushure mekunge ndambonyura mukati mekurwadziwa nekusuwa kwakawanda.

6 Asi tarisai, ndinovimba kuti imi hamusi vanhu vasingatende sezvakange zvakaita hama dzenyu; ndinovimba kuti hamuna kusimudzwa nekudada mumwoyo yenyu; hongu, ndinovimba kuti hamuna kuisa mwoyo yenyu paupfumi nezvinhu zvisina maturo zvenyika; hongu, ndinovimba kuti hamunamate ^amifananidzo, asi kuti

munonamata Mwari vechokwadi ^banorarama, nokuti munotarisira kuregererwa zvitema zvenyu, nerutendo rwusingaperi, urwo rwuchauya.

7 Nokuti tarisai, ndinoti kwamuri kune zvinhu zvizhinji zvichauya; uye tarisai, kune chinhu chimwechete chinokosha kupfuura zvole—nokuti tarisai, ^anguva haisisiri kure yekuti Mununuri mupenyu uye auye mukati mevanhu vake.

8 Tarisai, handisi kuti achauya mukati medu panguva yaanenge achigara mutabernakeri yake yevhu; nokuti tarisai, Mweya hauna kundiudza ini kuti izvi ndizvo zvichaitika. Zvino nezvechinhu ichi handizive; asi izvi ndizvo zvandinoziva, kuti Ishe Mwari vane simba rekuita zvole zviru maererano neshoko ravo.

9 Asi tarisai, Mweya wataura izvi kwandiri, uchiti: Chema kuvanhu ava, uchiti—^aTendukai imi, uye mugadzire nzira yalshe, uye mufambe nemutwunzira twavo, utwo twakaswanuka; nokuti tarisai, umambo hwekudenga hwave pedyo, uye Mwanakomana waMwari ave ^bkuuya pamusoro penyika.

10 Uye tarisai, ^aachazvarwa ^bnaMaria, kuJerusarema inovendiyo ^cnyika yemadzitateguru edu, iye ari ^dmhandara, mudziyo unokosha uye wakasarudzwa, achafukidzwa ^eagobata

6a 2 Ni. 9:37;
Hir. 6:31.

b Dan. 6:26.

7a Aruma 9:26.

9a Mat. 3:2–4;
Aruma 9:25.

b Mosaya 3:5; 7:27;
15:1–2.

10a Isa. 7:14; Ruka 1:27.

b Mosaya 3:8.

NKM Maria, Amai
vaJesu.

c I Mak. 9:3;

II Mak. 15:9;

1 Ni. 1:4; 3 Ni. 20:29.

d 1 Ni. 11:13–21.

e Mat. 1:20;

Mosaya 15:3.

pamuviri nesimba reMweya Mutsvene, uye agobereka mwanakomana, hongu, Mwanakomana waMwari.

11 Uye achaenda, agotambudzwa nemarwadzo “nekurwadzwa nezviedzo zveмарudzi nemarudzi; uye izvi zviri zvekuti shoko rizadzikiswe rinoti achatora pamusoro pake kurwadziwa nezvirwere zvevanhu vake.

12 Uye achatora pamusoro pake “rufu, kuti asunungure majoto erufu akasunga vanhu vake; uye achitora urema hwavo, kuti hura hwake huzadzwe netsitsi, maererano nezvenyama, kuti agoziva maererano nezvenyama kuti ^bangayamure sei vanhu vake maererano neurema hwavo.

13 Zvino Mweya “unoziva zvose zvinhu; zvisinei Mwanakomana waMwari anotambudzika maererano nezvenyama kuti ^bagotora pamusoro pake zvitadzo zvevanhu vake, kuti adzime kukanganisa kwavo maererano nesimba rake rekuvaponesa; uye zvino tarisai, uhwu ndihwo uchapupu huri mandiri.

14 Zvino ndinoti kwamuri makafanira kutendeuka, uye “muzvarwe patsva; nokuti Mweya unoti kana musina kuzvarwa patsva hamugone kugara nhaka yeumambo hwekudenga; naitzvovvo uyayi mubhabhatidzwe

mukutendeuka, kuti mugogezwa zvitadzo zvenyu, kuti muve nerutendo muGwayana raMwari, rinotora zvitadzo zvenyika, iro rinotyisa mukuponesa nokugeza kusarurama kwose.

15 Hongu, ndinoti kwamuri uyayi musatyeyi, uye musiye chitadzo chose, icho “chinokurwisai, chinokusungirirai mukuparadzwa, hongu, uyayi muende, uye munoratidza kuna Mwari venyu kuti munoda kutendeuka muzvitadzo zvenyu uye mugopinda muchibvumirano naye chokuchengetedza mirairo yake, uye muzvipupure kwaari nhasi nekupinda mumvura dzerubhabhatidzo.

16 Uye ani zvake anoita izvi, uye achichengetedza mirairo yaMwari kubvira iye zvino, iyeyo acharangarira kuti ndakati kwaari, hongu, acharangarira kuti ndinongoti kwaari, achave neupenyu hwokusingaperi, maererano neuchapupu hweMweya Mutsvene, unopupura uri mandiri.

17 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, munotenda zvinhu izvi here? Tarisai, ndinoti kwamuri, hongu, ndinoziva kuti munozvitenda; uye nzira yandinoziva nayo kuti munozvitenda kuisirwa pachena kwandinoitirwa neMweya uri mandiri. Uye zvino nenzira yekuti rutendo rwenyu rwakasimba maererano naizvovvo, hongu, maererano

11a Isa. 53:3-5;
Mosaya 14:3-5.

12a 2 Ni. 2:8;
Aruma 12:24-25.
NKM Kuroverwa.

b VaH. 2:18; 4:15;
D&Z 62:1.

13a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
b Mosaya 15:12.

NKM Dzikinura.
14a NKM Kuberekwa
naMwari,
Kuberekwa Patsva.
15a 2 Ni. 4:18.

nezvinhu zvandataura, rufaro rwangu rwukuru.

18 Naizvozvo sekutaura kwandamboita kwamuri kubva pakutanga, kuti ndinodisa kuti munge musiri mudambudziko serehama dzenyu, kana zvakadaro ndaona kuti chido changu chazadzikiswa.

19 Nokuti ndiri kuona kuti muri mutwunzira tweekururama; ndiri kuona kuti muri mukanzira kanoenda kuumambo hwaMwari; hongu, ndiri kuona kuti muri kuita kuti ^anzira dzavo dzitwasanuke.

20 Ndiri kuona kuti zvakaziviswa kwamuri, neuchapupu hweshoko ravo, kuti havagone ^akufamba nenzira dzakakombama; kana kusiyanisa zvavataura havaite; kana kubva kurudyi vachienda kuruboshwe kwete, kana kubva kune chakanaka vachienda kune chakaipa havaites; naizvozvo, nzira yavo yokusingaperi inogara yakadaro.

21 Uye havagari mumatemberi ^aasiri matsvene; hakuna zveutsvina kana chii zvacho chisina kuchena chingagashirwe muumambo hwaMwari; naizvozvo ndinoti kwamuri nguva ichasvika, hongu, uye zvichave pazuva rekupedzisira, zvekuti uyo anenge aine ^btsvina achasara muutsvina hwake.

22 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, ndataura izvi zvinhu kwamuri kuti ndikumutsei

muzive basa renyu kuna Mwari, kuti mufambe musingashorwe pamberi pavo, kuti mufambe muri muchikwata chitsvene chaMwari, umo mamakatambirwa.

23 Uye zvino ndinoda kuti dai ^amazvirereka, uye muve vakapfava muri vanyoro; muri nyore kunyengetedzwa; muine mwoyo murefu nyore mukutira nokutsungirira; muchizvibata muzvinhu zvose; mune simba mukuchengetedza mirairo yaMwari nguva dzose; muchikumbira zvose zvinhu zvamunoda, zvemweya nezvenyama; nguva dzose muchite nda Mwari pane zvinhu zvose zvazvo zvamunogamuchira.

24 Uye muone kuti mune ^arute ndo, tariro, nerudo rwakadzama, uye ndipo nguva dzose pamuchakura mumabasa akanaka.

25 Uye Ishe ngavakuropafadzei, uye nhumbi dzenyu mugare dzisina kavara, kuti pakupedzisira muzosvika kunogara pasi naAbrahama, Isaka, naJakobo, nevaporofita vatsvene vakagara varipo kubvira kutanga kwenyika, muine nhumbi dzenyu ^adzisina kavara sezvakaita nhumbi dzavo dzisina kavara, muumambo hwekudenga musingazobvamo zvakare.

26 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, ndataura kwamuri mazwi aya zviri maererano neMweya unopupura uri mandiri; uye mweya wangu unofara

19a Mat. 3:3.

20a 1 Ni. 10:19; Aruma 37:12; D&Z 3:2.

21a I VaKori. 3:16–17; 6:19; Mosaya 2:37;

Aruma 34:36.

b 1 Ni. 15:33–35;

2 Ni. 9:16;

Morm. 9:14;

D&Z 88:35.

23a NKM Akazvinipisa.

24a I VaKori. 13:1–13;

Eta 12:30–35;

Moro. 7:33–48.

25a II Pet. 3:14.

chaizvo, nenzira yekusimba kukuru nokuteerera kwamakapa kushoko rangu.

27 Uye zvino, “runyararo rwaMwari ngarwuve pamuri, nemudzimba menyu nemunyika yenyu, nekumatanga enyu, nekuzvinhu zvole zvamuina-zvo, vakadzi venyu nevana venyu, maererano nerutendo rwenyu nemabasa enyu akanaka, kubvira panguva ino kudakara kuve kusingaperi. Uye ndizvo zvandataura. Amenii.

CHITSAUKO 8

Aruma anoparidza uye achibhabhatidza muMereki — Anorambwa muAmonaiha ndokubva abvamo — Ngirozi inomuti adzokere anodaidzira kutendeuka kuvanhu — Anotambirwa naAmureki, uye vari vaviri vanoparidza muAmonaiha. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Aruma akadzoka kubva “kunyika yeGideoni, mushure mekunge adzidzisa vanhu veGideoni zvinhu zvizhinji zvisingagone kunyorwa, amisa tsika yechechi, maererano nezvaakanga aita munyika yeZarahemura, hongu, akadzokera kumba kwake kuZarahemura kunozorora kubva mubasa raakanga aiiita.

2 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechipfumbamwe rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

3 Uye zvakaitika mukutanga

kwegore rechigumi rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai, kuti Aruma akabvamo ndokutora rwendo rwake akananga kunyika yaMereki, iri kumadokero “kwerwizi rweSidhoni, kumadokero kwakaganhurana nerenje.

4 Uye akatanga kudzidzisa vanhu vemunyika yeMereki zvirii maererano nehurongwa “hutsvene hwaMwari, huri ihwo hwaakanga adaidzwa nahwo; uye akatanga kudzidzisa vanhu munyika yose yeMereki.

5 Uye zvakaitika kuti vanhu vakauya kwaari kubva kumiganhu yose yenyika yakange yakatsamirana nekurutivi rwerenje. Uye vakabhabhatidzwa munyika yose;

6 Naizvozvo paakange apedza basa rake muMereki akabvamo, akafamba rwendo rwemazuva matatu nechekuchamhembe kwenyika yaMereki; uye akasvika paguta rainzi Amonaiha.

7 Zvino yakange iri tsika yevanhu vaNifai kudaidza nyika dzavo, uye maguta avo, nemisha yavo, hongu, kana netwumisha twavo, nezita remunhu akatanga kuve muridzi wacho; uye ndizvo zvazvakange zvakaita nemunyika yaAmonaiha.

8 Uye zvakaitika kuti Aruma paakasvika muguta raAmonaiha, akatanga kuvaparidzira shoko raMwari.

9 Zvino Satani akanga “akabata zvikuru mwoyo yevanhu veguta raAmonaiha; naizvozvo havana kuteerera mazwi aAruma.

27a NKM Runyararo.
8 1a Aruma 2:20; 6:7.
3a Aruma 16:6-7.

4a D&Z 107:2-4.
NKM Hupirisita
hwaMerkizedeki.

9a 2 Ni. 28:19-22;
D&Z 10:20.

10 Zvisinei Aruma “akashanda zvikuru mumweya, ^bachiumburuka kuna Mwari mumunamoto une ‘simba, kuti adire Mweya wake pamusoro pevanhu vari muguta iri; kuti amubvumirewo kuti agovabhabhatidza mukutendeuka.

11 Zvakadaro, vakaomesa mwoyo yavo, vachiti kwaari: Tarisa, tinoziva kuti ndiwe Aruma; uye tinoziva kuti ndiwe mupirisita wepamusoro pamusoro pechechi rawakamisa iwe munzvimbo zhinji dzenyika, zviri maererano netsika yenyu; uye hatizi vechechi yako, uye hatitende mutsika dzakapusa kudaro.

12 Uye zvino tinoziva kuti sezvo tisiri vechechi yako tinoziva kuti hauna simba pamusoro pedu; uye wakapa chigaro chekutonga kuna “Nifaiha; naitzvovvo hausi mutongi mukuru wedu.

13 Zvino vanhu pavakanga vataura izvi, uye vachiramba mazwi ake ose, uye vamutuka, vamusvipira, uye vakaita kuti akandwe kunze kweguta ravo, akabvamo uye akatora rwendo rwake akananga kuguta rainzi Aroni.

14 Uye zvakaitika kuti paakange achifamba, akaremerwa nokusuwa, pfungwa yake iine “kutambudzika nekurwadziwa kwemweya, nenzira yeutsinye hwevanhu vaive muguta reAmonaiha, zvakaitika kuti

Aruma zvaakanga akadaro kuremerwa nekusuwa, tarisai ^bngirozi yaIshe yakasvika paari, ichiti:

15 Wakaropafadzwa iwe, Aruma; naitzvovvo, simudza musoro wako uye ufare, nokuti une chikonzero chikuru chekuti ufare; nokuti wange wakavimbika mukuchengetedza mirau yaMwari kubvira panguva yawakatambira nhume yako yekutanga kubva kwaari. Tarisai, ndini “ndakauya nayo kwauri.

16 Uye tarisai, ndatumwa kuti ndikuudze kuti udzokere kuguta reAmonaiha, uye unoparidza zvakare kuvanhu veguta iri; hongu, vaparidzire. Hongu, uti kwavari, kunze kwekunge vatendeuka Ishe Mwari “vachavaparadza.

17 Nokuti tarisai, iye zvino vari kufunga kuti vaparadze rusununguko rwevanhu vako (nokuti ndiko kutaura kwaIshe) zvisiri izvo zviri mumutemo, nemukutonga, nemumirau yakakapa kuvanhu vake.

18 Zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma agashira nhume yake kubva kungirozi yaIshe akadzokera nokukurumidza kunyika yaAmonaiha. Uye akapinda muguta neimwe nzira, hongu, nenzira iri kumaodzanyemba eguta reAmonaiha.

19 Uye zvaaipinda muguta akanzwa nzara, uye akati kune mumwe murume: Mungapewo here muranda akazvirereka

10a Aruma 17:5.

b Eno. 1:1-12.

c 3 Ni. 27:1.

NKM Munamoto.

12a Aruma 4:20.

14a NKM Matambudziko.

b Aruma 10:7-10, 20.

NKM Ngirozi.

15a Mosaya 27:11-16.

16a Aruma 9:12, 18, 24.

waMwari chimwe chinhu chekudya?

20 Uye murume uyu akati kwaari: Ndiri muNifai, uye ndinoziva kuti uri muporofita mutsvene waMwari, nokuti ndiwe murume akanzi “nengirozi muchiratidzo: Muchatambira. Naizvozvo, enda neni mumba mangu, uye ndinokupa kudya kwangu; uye ndinoziva kuti uchave chiropafadzo kwandiri nembera yangu.

21 Uye zvakaitika kuti murume uyu akamugashira mumba make; uye murume uyu ainzi “Amureki; uye akauya nechingwa nenyama akaiisa pameso paAruma.

22 Uye zvakaitika kuti Aruma akadya chingwa akaguta; uye “akaropafadza Amureki nembera yake, uye akatenda kuna Mwari.

23 Uye mushure mekunge adya aguta akati kuna Amureki: Ndini Aruma, uye ndini mupirisita “wepamusoro pechechi yaMwari munyika yose.

24 Uye tarisai, ndakadaidzwa kuti ndizoparidza shoko raMwari mukati mevanhu ava, maererano nemweya wekuzururirwa nechiporofita; uye ndakanga ndiri munyika muno uye havana kuda kundigashira, asi “vakandikanda panze uye ini ndange ndoda kufukatira nyika ino zvachose.

25 Asi tarisai, ndataurirwa kuti ndidzoke zvakare uye ndizoporofitira vanhu ava, hongu,

nokupupura kwavari nezvezvitadzo zvavo.

26 Uye zvino Amureki, nenzira yokuti wandipa kudya ukandipinza mumba, waropafadzwa: nokuti ndange ndaziya, nokuti ndange ndatsanya kwemazuva mazhinji.

27 Uye Aruma akagara kwemazuva mazhinji naAmureki asati atanga kuparidza kuvanhu.

28 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatonyanya kuve vakaipa.

29 Uye shoko rakauya kuna Aruma, richiti: Enda; uye utiwo kumuranda wangu Amureki, enda unoporofita kuvanhu ava, uchiti—“Tendeukai imi, nokuti ndizvo zvinotaurwa naIshe, kunze kwekunge mapinduka ndichashanyira vanhu ava nehasha dzangu; hongu, uye handizodzosa hashu dzangu dzinotyisa.

30 Uye Aruma akaenda, naAmurekiwo, mukati mevanhu, kundotaura mazwi aMwari kwavari; uye vakazadzwa nemweya Mutsvene.

31 Uye vakange vane “simba ravakanga vapiwa, zvekuti vakange vasisagonekwe kuzarirwa muzvitokisi zvepasi; uye hakuna munhu aikwanisa kuvauraya; zvakadaro havana kushandisa ^bmasimba avo kudakara vasungwa nemajoto vakandwa mutirongo. Zvino, izvi zvakaitwa kuti Ishe varatidze simba ravo riri mavari.

32 Uye zvakaitika kuti vakaenda

20a Aruma 10:7-9.

21a NKM Amureki.

22a Aruma 10:11.

23a Aruma 5:3, 44, 49;

13:1-20.

24a Aruma 8:13.

29a Aruma 9:12, 18.

NKM Rutendeuko.

31a 1 Ni. 1:20.

^b Aruma 14:17-29.

uye vakatanga kuparidza neku-porofita kuvanhu, maererano nemweya nesimba ravakanga wapiwa nalshe.

Mazwi aAruma, nemazwiwo aAmureki, akataurwa kuvanhu vakange vari munyika ya-Amonaiha. Uyezve vanokandwa mutirongo, uye vanoburitswa nesimba rinoshamisa raMwari raive mavari, zviru maererano nezvinyorwa zvaAruma.

*Zvichisanganisa zvitsauko
9 kusvika ku14.*

CHITSAUKO 9

Aruma anoudza vanhu veAmonaiha kuti vatendeuke—Ishe vachanzwira tsitsi kumaRamani muma-zuva ekupedzisira—Kana maNifai akasiya chiedza, vachaparadzwa nemaRamani — Mwanakomana waMwari achauya nokukurumidza—Achanunura avo vanotendeuka, vagobhabhatidzwa, uye vaine rutendo muzita rake. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakare, ini Aruma, ndaturirwa naMwari kuti nditore Amureki uye tigoenda kunoparidza zvakare kuvanhu ava, kana kuti vanhu vaive muguta reAmonaiha, zvakaikita kuti zvandakatanga kuparidza kwavari, vakatanga kunetsana neni, vachiti:

2 Ndiwe ani? Unofunga kuti tichatenda kupupura kwemu-

nhu “mumwechete, kana dai akaparidza kwatiri kuti nyika yave kupera?”

3 Zvino havana kunge vachinzwisisa mazwi avaitaura; nokuti havana kunge vachiziva kuti nyika ichapfuura.

4 Uye vakatiwo zvakare: Hatimbotenda mazwi ako kana dai ukaporofita kuti guta guru rino richaparadzwa nezuva “rimwechete.

5 Zvino havana kumboziva kuti Mwari vanoita mabasa anoshamisa kudaro, nokuti vakange vari vanhu vane mwoyo yakaoma uye vakaomesa mitsipa.

6 Uye vakati: Mwari “ndiani, vanotumira simba ^brisingapfure remunhu mumwechete mukati mevanhu ava, kuti ataure kwavari chokwadi chezvinhu zvikuru zvakadai uye zvinoshamisa?”

7 Uye vakamira vakada kuti vandibate; asi tarisai, havana. Uye ndakamira nokusatya ndichivataurira, hongu, ndakapupura kwavari ndisingatye, ndichiti:

8 Tarisai, imi chizvarwa chakaipa uye “chakarasiswa, kukanganwa kwamaita tsika dzamadzibaba enyu, hongu, kukurumidza kwamaita kukanganwa mirairo yaMwari.

9 Hamuyeuke here kuti baba vedu Rihai, akaburitswa muJerusarema “neruoko rwaMwari? Hamuyeuke here kuti vose vakatungamirwa navo nemurenje?

9 2a Deut. 17:6.
4a Aruma 16:9-10.
6a Eks. 5:2;

Mosaya 11:27;
Mos. 5:16.
b Aruma 10:12.

8a Aruma 10:17-25.
9a 1 Ni. 2:1-7.

10 Uye matokanganwa kare kuti kangani vachibvisa madzibaba edu mumaoko emhandu dzavo, nekuvachengetedza kuti vasaparadzwe, kana nemaoko ehama dzavo chaidzo?

11 Hongu, dai risiri simba ravo risingaenzaniswe, netsitsi dzavo, nokutishingirira kwavo, tingadai takabva kare pamusoro penyika nguva ino isati yasvika, uye zvimwe takatoiswa munzvimbo yekutambudzika “kusingagume nokusuwa.

12 Tarisai, zvino ndinoti kwamuri anokutumai kuti mutendeuke; uye kunze kwekunge matendeuka, hapana magariro amungaite nhaka yeumambo hwaMwari. Asi tarisai, izvi hazvisizvo zvose—vakutumai kuti mutendeuke, kana kuti “vanokuparadzai chose kubva pamusoro penyika; hongu, vachakushanyirai nehasha dzavo, nehasha dzavo ^bdzinotyisa havazopinduka.

13 Tarisai, hamuchayeuka here mazwi avakataura kuna Rihai, vachiti izvo: “Kana uchichenge-mirairo yangu, uchabudirira munyika? Uye zvakare zvinonzi: Kana musingachengete mirairo yangu muchabviswa pamberi palshe.

14 Zvino ndinoda kuti dai mayeuka, kuti sezvo maRamani asina kuchengeta mirairo yaMwari, “vakabviswa pamberi

palshe. Zvino tinoona kuti shoko ralshe rakasimbiswa muchinhu ichi, uye maRamani akabviswa pamberi pavo, kubvira pakutanga kwekutadza kwavo munyika.

15 Zvisinei ndinoti kwamuri, zvingatova “nani kwavari pamusi wekutongwa panemi, kana mukaramba muri muzvitema zvenyu, hongu, uye vanototariswa panemi kana muupenyu huno, kunze kwekunge matotendeuka.

16 Nokuti kune vimbiso zhinji “dzakaitwa kumaRamani; nokuti kuda ^bkwetsika dzemadzibaba avo dzakaita kuti vagare ‘mukusaziva; naizvozvo Ishe vachavaitira tsitsi ^dnokurebesa kugara kwavo munyika.

17 Uye mune chimwe chihano chenguva “vachaunzwa mukutenda shoko ravo, noku-ziva kukanganisika kwakaita tsika dzemadzibaba avo; uye vazhinji vavo vachaponeswa, nokuti Ishe vachave netsitsi kune avo vose ^bvanodaidza zita ravo.

18 Asi tarisai, ndinoti kwamuri kana mukaramba muri muupi hwenyu mazuva enyu haazopamhidzirwa munyika ino, nokuti “maRamani achanzi akurwisei; uye kana mukasatendeuka vachauya nenguva yamusingazive, uye muchashanyirwa nekuparadzwa ^bzvachose; uye

11a Mosaya 16:11.

12a Aruma 8:16; 10:19, 23, 27.

^b Aruma 8:29.

13a 2 Ni. 1:20;

Mosaya 1:7;

Aruma 37:13.

14a 2 Ni. 5:20-24;

Aruma 38:1.

15a Mat. 11:22, 24.

16a Aruma 17:15.

^b Mosaya 18:11-17.

^c Mosaya 3:11.

^d Hir. 15:10-12.

17a Eno. 1:13.

^b Aruma 38:5; D&Z 3:8.

18a Aruma 16:2-3.

^b Aruma 16:9.

zvinenge zviri maererano ‘nehasha dzinotyisa dzalshe.

19 Nokuti havazokubvumirai kuti mugare muzvitadzo zvenyu, kuti muparadze vanhu vavo. Ndinoti kwamuri, Kwete; angatobvumira kuti maRamani ^aaparadze vose vanhu vake vakanzi vanonzi vanhu vaNifai, dai zvaiita kuti ^bvawire muzvitadzo nekusateerera, mushure mekuwana chiedza chakadai neruzivo rwakadai zvavakapiwa naIshe Mwari vavo;

20 Hongu, mushure mekunge vange vari vanhu vanodiwa kwazvo naIshe; hongu, mushure mekunge vange vachidiwa kupfuura mamwe marudzi, hama, ndimi, kana vanhu; mushure mekunge ^avaitwa kuti vazive zvose zvinhu, maererano nezvavaida, nerutendo rwavo, neminamato, yezvinhu zvakanga zviri, nezviri, uye nezvichauya;

21 Vashanyirwa neMweya waMwari; vakurukura nengirozi, uye vataurwa navo nezwi raIshe; uye vaine mweya wechiporofita, nemweya wekuzururirwa, nezvipo zvizhinji, chipo chekutura nendimi, nechipo chekuperidza, nechipo cheMweya Mutsvene, nechipo ^achekududzira;

22 Hongu, uye mushure mekunge ^avabviswa naMwari munyika yeJerusarema, neruoko rwaIshe; vaponeswa munzara, nemukurwara, nemumarudzi

ose ezvirwere; uye vachisimba mukurwa, kuti varege kuparadzwa; vabviswa ^bmuusungwa nguva nenguva, uye vachenge-tedzwa kusvika zvino; uye vakabudirira kudakara vapfuma muzvinhu zvose zvose—

23 Uye zvino tarisai ndinoti kwamuri, kuti kana vanhu ava, vakatambira maropafadzo akawanda kudai kubva muruoko rwaIshe, kana vakakanganisa zvechiedza noruzivo rwose rwavainarwo, ndinoti kwamuri kana izvi zviri izvo, kuti kana vakapinda mukutadza, zvingatove ^anani kumaRamani pane kwavari.

24 Nokuti tarisai, ^azvimbiso zvaIshe zvakapihwawo maRamani, asi hazvizi kwamuri kana mukakanganisa; nokuti Ishe havana kunyatsovimbisa here nokutura semurau, kuti kana mukamupandukira muchaparadzwa chose kuti mubva mabva munyika zvachose?

25 Uye zvino nechikonzero ichi, kuti musaparadzwe, Ishe vatumira ngirozi yavo kuti ishanyire vanhu vavo vazhinji, ichivaudza kuti vakafanira kuenta vanochema kuvanhu ava nesimba, vachiti: ^aTendeukai imi, nokuti umambo hwekude-nga hwave pedyo;

26 Uye ^apasina mazuva mazhinji Mwanakomana waMwari achauya mukubwinya kwake; uye kubwinya kwake kuchave

18c Aruma 8:29.

19a 1 Ni. 12:15, 19–20;
Aruma 45:10–14.

b Aruma 24:30.

20a NKM Zvakazarurwa.

21a Omu. 1:20;
Mosaya 8:13–19;
28:11–17.

22a 2 Ni. 1:4.

b Mosaya 27:16.

23a Mat. 11:22–24.

24a 2 Ni. 30:4–6;
D&Z 3:20.

25a Aruma 7:9; Hir. 5:32.

26a Aruma 7:7.

kubwinya ^bkweMumwechete Akaberekwa waBaba, azere ‘nyenya, kuenzana, necho-kwadi, azere nekutira, ^a‘tsitsi, uye anoshivirira, anokurumidza ‘kunzwa kuchema kwevanhu vake nokupindura minamoto yavo.

27 Uye tarisai, anouya ^a‘kuzo-nunura avo ^bvachabhabhatidzwa mukutendeuka, norutendo mu-zita rake.

28 Naizvozvo, gadzirai nzira yaIshe, nokuti nguva yave pedyo yokuti vose vanhu va-chakohwa mubairo ^a‘wemabasa avo, maererano nezvavanga vari—kana vanga vari vakaru-rama ^bvachakohwa ruponeso rwemweya yavo, maererano ne-simba nokuponeswa kwavo na-Jesu Kristu; uye kana vanga vari vakaipa vachakohwa ^c‘kuraswa kwemweya yavo, maererano nesimba nokusunga kwadhia-bhorosi.

29 Zvino tarisai, iri ndiro izwi rengirozi, ichichemera kuvanhu.

30 Uye zvino hama dzangu ^a‘dzinodiwa, nokuti muri hama dzangu, uye munofanira kudi-kanwa, uye munofanira kuita mabasa anofanirana nekutende-uka, ndichiona kuti mwoyo ye-nyu yaitwa mikukutu zvikuru kushoko raMwari, uye ndichio-na kuti muri vanhu ^bvakarasi-ka vakapuzika.

31 Zvino zvakaitika kuti apo ini, Aruma, pandakange ndataura

mazwi aya, tarisai, vanhu vaka-ndishatirirwa nokuti ndakanga ndati kwavari vane mwoyo mikukutu uye vanhu ^a‘vakaoma mitsipa.

32 Uye nokutiwo ndakanga ndati kwavari vanhu vakarasika vakapuzika vakandishatiri-rwa, vakatsvaka kuisa maoko avo pandiri, kuti vandikande mutirongo.

33 Asi zvakaitika kuti Ishe ha-vana kuvabvumira kuti vandi-tore panguva iyoyo vandikande mutirongo.

34 Uye zvakaitika kuti Amureki akaenda akanomira mberi kwa-vo, akatanga kuparidza kwavari naiyewo. Uye zvino ^a‘mazwi aAmureki haana kunyorwa ose, zvisinei mamwe emazwi ake akanyorwa mubhuku rino.

CHITSAUKO 10

Rihai akabva kuna Manase— Amureki anotaura rungano rwe-kuudzwa kwaakaitwa nengirozi kuti achengete Aruma—Minama-to yevakarurama inoita kuti vanhu vasaparadzwe—Magweta nevato-angi vasina kururama vanoisa hwa-ro hwekuti vanhu vaparadzwe. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

ZVINO aya ndiwo ^a‘mazwi aka-paridzwa ^bnaAmureki kuvanhu vakanga vari munyika ya-Amonaiha, achiti:

26b NKM Mumwechete Akaberekwa.
c NKM Nyasha.
d NKM Anetsitsi.
e Deut. 26:7.
27a NKM Akanunura.

b NKM Bhabhatidza.
28a D&Z 1:10; 6:33.
b Mpi. 7:16.
c NKM Kuraswa.
30a I Joh. 4:11.
b Aruma 12:22.

31a 2 Ni. 25:28;
Mosaya 3:14.
34a Aruma 10.
10 1a Aruma 9:34.
b Aruma 8:21–29.

2 Ndini Amureki; ndiri mwana komana waGidhona, akanga ari mwana waIshmaeri, akanga ari wechizvarwa chaAminadhi; uye ndiye Aminadhi mumwecheteyo akadudzira zvinyorwa zvaive pamadziro etemberi, zvakanga zvakanyorwa nemunwe waMwari.

3 Uye Aminadhi akange ari chizvarwa chaNifai, akange ari mwana waRihai, akabva munyika yeJerusarema, akange ari wechizvarwa ^achaManase, akanga ari mwana ^bwaJosefa ^cakatengeswa kuEgipita nemaoko evakoma vake.

4 Uye tarisai, ndiri murumewo ane mbiri mukati meavo vose vanondiziva; hongu, uye tarisai, ndine hama zhinji ^aneshamwari, uye ndakawanawo upfumi hwakawanda nokushanda nemaoko angu.

5 Zvakadaro, mushure mazvo zvose izvi, handina kumboziva zvizhinji nezvenzira dzalShe, ^anezvakavandika zvake nesimba rake rinoshamisa. Ndati handina kumbenge ndakaziva zvizhinji nezvezvinhu izvi; asi tarisai, ndiri kukanganisa, nokuti ndakaona zvizhinji zvezvakavandika zvake nesimba rake rinoshamisa; hongu, kana mukuchengetedza upenyu hwevanhu ava.

6 Zvakadaro, ndakaomesa mwoyo wangu, nokuti ^andaka-

daidzwa kazhinji uye ndairamba ^bkunzwa; naizvozvo ndaiziva nezve zvinhu izvi, asi handaida kuziva; naizvozvo ndakaenda ndichipandukira Mwari, muhutsinye hwemwoyo wangu, kana kudakara kusvika muzuva rechina remwedzi uno wechinomwe, uri mugore rechigumi rekutonga kwevatongi.

7 Zvandakanga ndichifamba ndichienda kunoona hama yepedyo-pedyo, tarisai ^angirozi yaIshhe yakasvika pandiri ikati: Amureki, dzokera kumba kwako, nokuti uchapa kudya kumuporofita waIshhe; hongu, murume mutsvene, murume akasarudzwa naMwari; nokuti ^batsanya kwemazuva mazhinji pamusana pezvitadzo zvevanhu ava, uye aziya nenzara, uye ^cuchamugashira mumba mako ugomupa chekudya, uye achakuropafadza iwe nemba yako; uye maropafadzo aIshhe achave pauri nemba yako.

8 Uye zvakaitika kuti ndakaterera izwi rengirozi, uye ndikadzokera kumba kwangu. Uye ndiri kuenda kudaro ndakaona ^amurume akanzi nengirozi kwandiri: Uchamugashira mumba mako— uye tarisai ndiye murume iyeyo ange achitaura kwamuri maererano nezvinhu zvaMwari.

9 Uye ngirozi yakati kwandiri murume yu ^amutsvene; ndizvo

3a Gen. 41:51;
I Mak. 9:3.
b NKM Josefa,
Mwanakomana
waJakobo.
c Gen. 37:29-36.

4a Aruma 15:16.
5a NKM Zvakavandika
zvaMwari.
6a Aruma 5:37.
b D&Z 39:9.
7a Aruma 8:20.

b Aruma 5:46; 6:6.
NKM Kutsanya.
c Mabasa 10:30-35.
8a Aruma 8:19-21.
9a NKM Mutsvene.

zvinoita kuti ndizive kuti mutsvene nokuti zvakataurwa nengirozi yaMwari.

10 Uye zvakare, ndinoziva kuti zvinhu zvaapupura ndezvecho-kwadi; nokuti tarisai ndinoti kwamuri, kuti sezvo Ishe vari mupenyu, kana naizvozvo vatumira “ngirozi yavo kuti zvinhu izvi zvbude pachena kwandiri; uye izvi azviita uyu ^bAruma agere mumba mangu.

11 Nokuti tarisai, “aropafadza imba yangu, andiropafadza, nemadzimai angu, nevana vangu, nababa vangu nehama dzangu; hongu, kana nevekwangu vose avaropafadza, uye maropafadzo ashe ave patiri maererano nemazwi aakataura.

12 Uye zvino, Amureki ataura mazwi aya vanhu vakatanga kushamiswa, vachiona kuti pakange paine vano ^apfuura mumwechete vaipupura nezvezvinhu zvavaipiwa mhosva nazvo, nezvezvinhuwo zvichauya, maererano nemweya wechiporofita waive mavari.

13 Zvakadaro, kwaive nevamwe mukati mavo vaitsvaka kuvabvunza, kuti ^anenzira dzekungwara kwavo vagovanikidza nemazwi avo, kuti vagowana umbowo, kuti vavandese kuvatongi vavo kuti vatongwe maererano nemutemo, kuti vauraiwe kana kukandwa mutirongo, maererano nemhosva yavanenge vavapomera.

14 Zvino ndivo vanhu ivavo

vakanga vachitsvaka kuvaparadza, vaive ^amagweta, vakange vafanoiswa kana kugadzwa nevanhu kuti vashandise mutemo panguva yekutongwa kwavo, kana panguva yokutongwa kwedzimwe mhosva dzainge dzauya pamberi pevatongi.

15 Zvino magweta aya akanga akadzidza chaizvo munjere dzose dzevanhu; uye izvi zvaivayamura kuti vagone basa ravo.

16 Uye zvakaitika kuti vakatanga kubvunza Amureki, kuti vamuite kuti adyidzanise mazwi ake, kana kupesanisa mazwi aachataura.

17 Zvino havana kuziva kuti Amureki aikwanisa kuziva zvaru kuda kuita. Asi zvakaitika kuti pavakatanga kumubvunza, ^aakaona pfungwa dzavo, uye akati kwavari: Imi makaipa uye ^bchizvarwa chakarasika, imi magweta nevanyengedzi, nokuti muri kuisa hwaro hwadhia-bhorosi; nokuti muri kuisa ^czvichikiro nemisungo yekuti mubate vatsvene vaMwari.

18 Muri kuita zvirongwa zvekuti ^amukanganise nzira dzevakarurama, uye kuti muunze hashu dzaMwari pamisoro yenyu, kana mukuparadzwa zvachose kwevanhu vavo.

19 Hongu, Mosaya akataura chaizvo, uyo aive mambo wedu wekupedzisira, paakange ave kuda kupa umambo kune mumwe, asina wekuhugadza, akaita kuti vanhu ava vatongwe

10a Aruma 11:30-31.

b Aruma 8:27.

11a Aruma 8:22.

12a Aruma 9:6.

13a Aruma 11:21.

14a Aruma 10:24;

11:20-21; 14:18.

17a Aruma 12:3; 20:18, 32;

D&Z 6:16.

b Mat. 3:7; Aruma 9:8.

c D&Z 10:21-27.

18a Mabasa 13:10.

nemazwi avo—hongu, akataura zvakanaka kuti kana nguva ikasvika yekuti izwi revanhu ava “risarudze kutadza, ndiko kuti, kana nguva iyoyo ikauya yekuti vanhu ava vawire mumisikanzwa, vanenge vaibvira kuparadzwa.

20 Uye zvino ndinoti kwamuri kuti Ishe vanoita zvakanaka kutonga kutadza kwenyu; anoita zvakanaka kuchemera vanhu ava, nezwi “rengirozi dzavo: Tendeukai imi, tendeukai, nokuti umambo hwekudenga hwave pedyo.

21 Hongu, anoita zvakanaka kuchema nezwi rengirozi dzake kuti: “Ini ndichadzika pasi mukati mevanhu vangu, nekuenzanisa nokutonga kwakanaka mumaoko angu.

22 Hongu, uye ndinoti kwamuri dai yange isiri “minamoto yevakarurama, avo vari munyika ino, mungadai kana iye zvino makatoshanyirwa kare nokuparadzwa zvachose; chete hakwazove ^bkwemafashanu mazhinji, sezvakaitwa vanhu mumazuva aNoa, asi kwaizove kwenzara, nezvirwere, nemunondo.

23 Asi maponeswa “neminato yevakarurama; zvino naizvozvo, kana mukabvisa vakarurama mukati menyu Ishe havazokuregerai; asi nehasha dzavo dzinotyisa anokuingai; ndipo pamucharohwa nenzara,

nezvirwere, nemunondo; uye ^bnguva yave pedyo kunze kwekunge matotendeuka.

24 Uye zvino zvakaitika kuti vanhu vakanyanya kushatiriswa naAmureki, uye vakachema, vachiti: Murume uyu anotuka mitemo yedu yakanaka, nemagweta edu atakarudza.

25 Asi Amureki akatambanudzwa ruoko rwake, akachema zvikuru kwavari, achiti: Imi vakaipa chizvarwa chakarasika, sei Satani abata mwoyo yenyu nesimba rakadaro? Sei muri kuzvipa kwaari kuti ave nesimba pamusoro penyu, “kukupofomadzai maziso, kuti musanzwisise mazwi anotaurwa, maerero nechokwadi chawo?

26 Nokuti tarisai, ndataura zvinopikisa mutemo wenyu here? Hamunzwisise; munoti ndataura zvisiri mumutemo wenyu; asi handina, asi ndataura ndichipembedza mutemo wenyu, nokuraswa kwenyu.

27 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri, hwaro hwakuparadzwa kwevanhu vano hwatotanga kuiswa nekusarurama “kwemagweta enyu nevatongi venyu.

28 Uye zvino zvakaitika kuti pakanga Amureki ataura mazwi aya vanhu vakachema kwaari, vachiti: Zvino tave kuziva kuti murume uyu mwana wadhia-bhorosi, nokuti atirevera “nhema;

19a Mosaya 29:27;
Aruma 2:3–7;
Hir. 5:2.

20a Aruma 8:14–16; 13:22.

21a Mosaya 13:34.

22a Jkb. 5:16;

Mosaya 27:14–16.

^b Gen. 8:21;

3 Ni. 22:8–10.

NKM Mafashamu

muNguva dzaNoa.

23a NKM Munamoto.

^b Aruma 34:32–35.

25a II VaKori. 4:4;

Aruma 14:6.

27a Ruka 11:45–52.

28a Aruma 14:2.

nokuti ataura achimhura mutemo wedu. Uye ave kuti haana kutura achiumhura.

29 Uye zvakare, atuka magweta edu, nevatongi vedu.

30 Uye zvakaitika kuti magweta akazviisa mumwoyo yavo kuti vago yeuka zvinhu pane zvake.

31 Uye kwaive nemumwe mukati mavo zita rake rainzi Ziziromu. Zvino ndiye akanga ari pamberi “mukupomera mhosva kuna Amureki na-Aruma, iye ari iye akange ari imwe yenyanzvi kupfuura vamwe, aine basa zhinji rekuita muvanhu.

32 Zvino chinangwa chemagweta chaive kuda kuita mari; uye vakawana mari maererano nebasa ravo.

CHITSAUKO 11

Tsika yemari yamaNifai inopihwa — Amureki anonetsana naZiziromu — Kristu haazoponesa vanhu muzvitadzo zvavo — Avo chete vanowana umambo hwokudenga vachaponeswa — Vanhu vose vachamutswa vasisazofa — Hakuna rufu shure Kwokumutswa kwevakafa. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakanga zviru mumutemo waMosaya kuti munhu wose aive mutongi wemutemo, kana kuti avo vakasarudzwa kuva vatongi, vanofanira kutambira mibairo maererano nenguva yavashanda vachitonga

avo vainge vaunzwa kwavari kuti vazotongwa.

2 Zvino kana munhu aive nechikwereti chemumwe, uye aregera kudzorera chikwereti chacho, ainoman'arirwa kune mutongi; mutongi aishandisa masimba ake, otumira machinda kuti munhu wacho aunzwe pamberi pake; aitonga munhu maererano nomutemo neumboo hunenge huri pamberi pake, nokudaro munhu uyu aisungirwa kudzosera chikwereti chake, kana kutorerwa zvaanazvo, kana kubviswa muvanhu sembavha negororo.

3 Uye mutongi aitambira mbairo wake maererano nenguva yake — senine regoridhe pazuva kana senumu resirivha rakanzana nesenine yegoridhe; uye izvi zviru maererano nemutemo wakapiwa.

4 Zvino aya ndiwo mazita ezvimeu zvakasiyana-siyana zvegoridhe ravo, nesirivha yavo, maererano nekukosha kwacho. Uye mazita aya akapiwa namaNifai, nokuti havana kuteedza pfungwa dzamaJuda ayo akanga ari muJerusarema; uye havana kunge vachiera nenzira yamaJuda; asi vakashandura mufungiro wavo nemuerero wavo, maererano nepfungwa nemagariro muchizvarwa chose chavanhu, kusvika panguva yavatongi, vaive “vakatangwa namambo Mosaya.

5 Zvino huremu hwegoridhe hwakanzi hunoerwa seizvi —

senine yegoridhe, seoni, shumu yegoridhe, nerimuna regoridhe.

6 Senumu resirivha, neamunori resirivha, neezeromu resirivha, neondi resirivha.

7 Senumu resirivha rakange rakaenzana nesenine regoridhe, zvose zvichikwanisa kutenga uremu hwebhari, uye hwetsanga dzendudzi dzose.

8 Zvino museoni regoridhe maipinda masenine mairi.

9 Zve mushumu yegoridhe maipinda maseoni mairi.

10 Uye murimuna regoridhe raipinda zvose.

11 Uye muamunori resirivha maipinda masenumu mairi.

12 Uye muezeromu resirivha muchipinda masenumu mana.

13 Uye muondi muchipinda zvose.

14 Zvino idzi ndidzo nhamba diki dzekuverenga kwavo—

15 Shibhuroni rinopinda kaviri musenumu, shibhuroni yaite nga chikamu chepakati chemuero webhari.

16 Shibhurumu inopinda kaviri mushibhuroni.

17 Uye rea ichipinda kaviri mushibhurumu.

18 Zvino aya ndiwo manhamba avakasarudza maererano nekufunga kwavo.

19 Zvino andioni yegoridhe yange yakafanana nemashiburoni matatu.

20 Zvino, zvaive zvechinangwa chekuwana zvirimwa, nokuti vaigashira mihoro yavo maererano nebasa ravo, naizvozvo,

vakamutsa vanhu kuti vaite bongozozo, nekunetsana kwakasiyana—siyana nouipi, kuti vave vanowana mabasa akawanda, kuti “vawane mari maererano nenyaya dzaiunzwa pamberi pavo; naizvozvo vakaita kuti vanhu vapandukire Aruma na-Amureki.

21 Uye uyu Ziziromu akavamba kubvunza Amureki, achiti: Ungandipindurewo here mibvunzo mishoma yandichakubvunza? Zvino Ziziromu akanga ari nyanzvi “panzira dzezvadhlabhorosi, kuti ave anoparadza izvo zvakanga zvakana; naizvozvo, akati kuna Amureki: Uchapindura here mibvunzo yandichasvitsa kwauri?

22 Uye Amureki akati kwaari: Hongu, kana zviri maererano “noMweya waIshe, uri mandiri; nokuti handizotauri chisingabvumirane neMweya waIshe. Uye Ziziromu akati kwaari: Tarisai, haano maondi matanhatu esirivha aya, ose aya ndinokupa ukaramba kuti kune Munhu anonzi Mwari.

23 Zvino Amureki akati: Iwe “mwana wegehena, ^bunondiedzerei? Hauzive here kuti vakarurama havakurirwe nezviedzo zvakadaro?

24 Iwe unotenda kuti hakuna Mwari? Ndinoti kwauri, Kwete, unoziva kuti kuna Mwari, asi unoda “mari iyoyo kupfuura iye.

25 Uye zvino wanyepa pamberi paMwari kwandiri. Iwe wati kwandiri—Tarisai maondi

20a Aruma 10:32.

21a Aruma 10:13.

22a NKM Mweya

Mutsvene.

23a Aruma 5:41.

^b NKM Chiedzo.

24a I Tim. 6:10;

Tito 1:11.

matanhatu aya, anokosha zvikuru, ndichapa kwauri—Iwe mumwoyo mako wanga usingade kundipa; chawanga uchida chete changa chiri chekuti ndirambe Mwari vechokwadi mupenyu, kuti zvimwe ungava nechikonzero chokundiparadza. Uye zvino chitarira, nokuda kwechitadzo chikuru ichi uchawana mubairo wako.

26 Uye Ziziromu akati kwaari: Unoti kuna Mwari vechokwadi mupenyu?

27 Uye Amureki akati: Hongu, kuna Mwari vechokwadi mupenyu.

28 Zvino Ziziromu akati: Kuna vaMwari vakawanda here?

29 Uye akapindura achiti: Kwete.

30 Zvino Ziziromu akati kwaari zvakare: Unoziva seiko zvinhu izvi?

31 Uye akati kwaari: “Ngirozi yakandizivisa zvinhu izvi.

32 Uye Ziziromu akati zvakare: Ndianiko achauya? Mwanakomana waMwari here?

33 Akati kwaari: Hongu.

34 Uye Ziziromu akati zvakare: Ko vachaponesa vanhu vavo vari “muzvivi zvavo here? Zvino Amureki akapindura akati kwaari: Ndinoti kwauri havasi kuzodaro, nokuti hazvibviri kuti varambe shoko ravo.

35 Zvino Ziziromu akati kuvanhu: Onai kuti marangarira

zvinhu izvi; nokuti anoti kuna Mwari mumwechete chete; asi iye achiti Mwanakomana waMwari achauya, asi haasi kuzoponesa vanhu vake—kunge ane simba rokutuma Mwari.

36 Zvino Amureki akati zvakare kwaari: Tarisai wanyepa, nokuti wati ndataura sendine simba rekutuma Mwari nokuti ndati havasi kuzoponesa vanhu vavo vari muzvivi zvavo.

37 Uye ndinoti kwauri zvakare havakwanise kuvaponesa vari “muzvivi zvavo; nokuti handingarambe shoko ravo, uye akati ^bhakuna chinhu chine tsvina chingagare nhaka ‘youmambo hwekudenga; naizvozvo, ungaponeswe sei kunze kwokunge wawana nhaka youmambo hwokudenga? Naizvozvo, hangazoponeswe uri muzvivi zvako.

38 Zvino Ziziromu akati zvakare kwaari: Ko iye Mwanakomana waMwari ndiye here ivo Baba Vokusingaperi?

39 Amureki akati kwaari: Hongu, ndiye mumwechete Baba “Vokusingaperi vokudenga nepasi, nezvinhu ^bzvose zviri mazviri; mavambo namagumo, ndiye wokutangisa nowokupezdisira;

40 Uye achauya “munyika ^bkuzonunura vanhu vake; uye ^cachatora paari zvitadzo zveavo

31a Aruma 10:7–10.

34a Hir. 5:10–11.

37a I VaKori. 6:9–10.

b 1 Ni. 15:33;

Aruma 40:26;

3 Ni. 27:19.

NKM Kushaya

Humwari.

^c NKM Umambo

hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

39a Isa. 9:6.

b VaKoro. 1:16;

Mosaya 4:2.

40a NKM Nyika.

b VaR. 11:26–27.

^c Eks. 34:6–7; Isa. 53:5;

I Joh. 2:2;

Mosaya 14:5; 15:12;

D&Z 19:16–19.

vose vachatenda muzita rake; zve ava ndivo vachava noupenyu hwokusingaperi, uye ruponeso harwuuye kune vasiri ava.

41 Naizvozvo vakaipa vanoramba vakadaro sokunonzi “hakuna kuve norununuro, kunze kwokunge kuri kusunungurwa kwengefani dzorufu; nokuti tarisai, zuva riri kuuya apo ^bvose vakafa vachamuka vogomira pamberi paMwari, ^cvogotongwa maererano namabasa avo.

42 Zvino, kune rufu runodaidzwa kuti rufu rwenyama; zve rufu rwaKristu rwuchasunungura “majoto orufu irworwu rwenyama, zvokuti vose vachamutswa kubva parufu irworwu rwenyama.

43 Mweya nomuviri “zvichabatanidzwa zvakare sezvazvinofanirwa kuve zvakaita; zvose makumbo maoko nenhengo dzose zvichaiswa panzvimbo yazvo, kana sezvatakaita panguva ino; zve tichaunzwa kuti timire pamberi paMwari, tichiziva sokuziva kwatiri kuita iye zvino, tigova ^bnendangariro yakajeka ^cyemhosva dzedu dzose.

44 Zvino, kuumbwa pakare uku kuchauya kuna vose, vose vakuru navaduku vose vakasungwa novakasununguka, vose varume navakadzi vose vakai-

pa novakarurama; uye zvakare kunezenge kusina kana kavhudzi kamwechete kemisoro yavo kanenge kakarasika; asi chinhu chose “chichadzorerwa pachinzvimbo chacho, sezvazviri iye zvino, kana mumuviri, vachaunzwa vagomiswa pamberi pechigaro cheutongi chaKristu Mwanakomana, naMwari ^bBaba, noMweya Mutsvene, vanova Mwari ^cmumwechete Vokusingaperi, kuti ^dvatongwe maererano namabasa avo, kuti vakanaka here kana kuti vakaipa.

45 Zvino tarisai, ndataura kwamuri pamusana porufu rwomuviri, uye zvakare “nezvekumutswa kwamuviri unofa. Ndinoti kwamuri muviri unofa ^bunozomutswa kuva muviri ^cusingafe, kubva mukufa, kubva murufu rwekutanga kudzokera muupenyu, kuti ^dvasazofa zvakare; mweya yavo ichibatana nemiviri yavo, zvisingazoparadzaniswa zvakare; munhu wacho achibva ava ^ewomweya asingafe, kuti vasa-zoona kuora zvakare.

46 Zvino, Amureki apedza mazwi aya vanhu vakatanga zvakare kushamiswa, uye Ziziromu akatanga kubvunda. Uye uku ndiko kupera kwakaita mazwi

41a Aruma 12:18;
D&Z 88:33.

b Zvaka. 20:12–13;
Aruma 42:23.

c NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

42a Aruma 12:16.

43a 2 Ni. 9:13;

Aruma 40:23.

b 2 Ni. 9:14;

Mosaya 3:25;

Aruma 5:18.

c NKM Mhosva, Kuva ne.

44a Aruma 41:12–15.

b NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—
Mwari Baba.

c 3 Ni. 11:27, 36.

NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.

d Zvaka. 20:12–13.

45a Aruma 40:23;
D&Z 88:16.

b NKM Kumuka
Kuvakafa.

c NKM Asingafe.

d Zvaka. 21:4;

D&Z 63:49; 88:116.

e I VaKori. 15:44.

aAmureki, kana kuti izvi ndizvo zvose zvandanyora.

CHITSAUKO 12

Aruma anoitirana nharo naZiziromu—Zvakavanzika zvaMwari zvinopiwa kune vakatendeseka chete—Vanhu vanotongwa nezva-vanofunga, zvavanotenda, mazwi avo, namabasa—Vakaipa vachafa rufu rwomweya—Upenyu huno ndohwekuyedzwa—Zano rerununu rinounza Kumutswa kuva-kafa, nokutenda, kukanganwirwa pazvivi—Vanotendeuka vanopihwa tsitsi kuburikidza noMwanakomana Mumwechete Akaberekwa. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

ZVINO Aruma, achiona kuti mazwi aAmureki akanga anyaradza Ziziromu, nokuti akanga aona kuti Amureki akanga abata ^akunyepa kwake nokunyengedza kuti amuparadze, nokuona kuti akanga ava kubvunda ^bnokuziva kuti ane mhosva, akazarura muromo wake akatangisa kutaura kwaari, achitsinhira mazwi aAmureki, nokutsanangura zvinhu zvirimberu, nokuzarura magwaro nezvose kupfuura zvakanga zvaitwa naAmureki.

2 Zvino mazwi ayo akataurwa naAruma kuna Ziziromu akanzwikwa navanhu vose vakanga vakakomberedza; nokuti gungano rakanga rakakura, akataura saizvozvo:

3 Zvino Ziziromu, sezvo wao-

nekwa nhema dzako nokunyengedza kwako, nokuti hauna kureva nhema kuna vanhu chete asi wareva nhema kuna Mwari; nokuti tarisai, anoziva ^apfungwa dzako dzose, uye uchionawo kuti pfungwa dzako dzakaziviswa kwatiri noMweya wake;

4 Uye unoona kuti taziva kuti zano rako ranga rakaipa, kufanana nokuipa kweradhiabhrosi, nokuti kureva nhema kwako nokunyengedza vanhu ava, kuti vatipandukire nokutishoropodza nokutirasira kunze—

5 Zvino iri ranga riri zano ^aromuvengi wako, akava anoratidza masimba ake mauri. Zvino ndinoti urangarire kuti zvandinoreva kwauri ndinoreva kune vamwe vose.

6 Uye tarisai ndinoti kwamuri mose uku kwange kuri kuteya kwemuvengi, uko akaita kuti abate vanhu ava, kuti agokuisai pasi pake, kuti agokutendredzai ^anengetani dzake, kuti, agokumoneredzai nengetani dzake kuti akusungirirei mukuparadzwa kusingaperi, maerera no nesimba rousungwa hwake.

7 Zvino apo Aruma akanga ataura mazwi aya, Ziziromu akatanga kubvunda zvikuru, nokuti akava anoramba achipwiswa nezvesimba raMwari; uye akapwiswawo kuti Aruma naAmureki vakanga vane ruzivo naye, nokuti akave anopwiswa kuti vaiziva pfungwa nezvinangwa zvemwoyo wake; nokuti simba rakapihwa kwava-

12 1a Aruma 11:20-38.
b NKM Hana.

3a Jak. 2:5; Aruma 10:17;
D&Z 6:16.

5a NKM Dhiabhrosi.
6a Aruma 5:7-10.

ri kuti vazive zvinhu izvi maererano nomweya wechiporofita.

8 Uye Ziziromu akatangisa kuvabvunza nesimba, kuti azive zvakawanda maererano noumambobo hwaMwari. Uye akati kuna Aruma: Ko izvi zvinorevei zvataurwa naAmureki maererano nokumutswa kwovakafa, kuti vose vachamutswa muvakafa, vose vakarurama navasakarurama, vagounzwa pamberi paMwari kuti vagotongwa maererano namabasa avo?

9 Uye zvino Aruma akatangisa kutsanangura zvinhu izvi kwari, achiti: Zvakapihwa kune vakawanda kuti vazive ^azvakananzika zvaMwari; zvisinei hazvo zvakaiswa pasi pomurairo wakaoma zvikuru kuti zvisazopiwa ^bchete maererano nemazwi ake aakapa kuvana vavanhu, asi kuti zvive maererano nokuteerera nokusimba kwavanopa kwaari.

10 Uye naizvozvo, uyo ^aanomesa mwoyo wake, iyeye anogamuchira ^bzvishoma zveshoko rake; uyo ^casingaomese mwoyo wake, kwaari ^dkuchapiwa zvizhinji zveshoko rake, kusvikira azopiwa kuti azive zvakananzika zvaMwari kusvikira azviziva zvose zvizere.

11 Uye avo vachaomesa mwoyo yavo, vanopiwa ^achidimbu

chishoma cheshoko kudakara vashaya ^bchavanoziva pamusoro pezvishamiso zvake; zvino vobva vasungwa nadhiabhorozi, nokutungamirirwa nokuda kwake kunopadzwa. Zvino izvi ndizvo zvinorehwa ^cnenge-tani ^ddzegehena.

12 Uye Amureki akanga ataura zviri pachena maererano ^anorufu, nokubviswa mukufa uku tichienda mukusafa, nokumiswa pamberi pechigaro chekutonga chaMwari, kuti ^btitongwe maererano namabasa edu.

13 Zvino kana mwoyo yedu yakaomeswa, hongu, kana takaomesa mwoyo yedu kushoko, zvekuti harisakawanikwa matiri, upenyu hwedu huchave mudambudziko guru, zvokuti ipapo tinozorangwa.

14 Nokuti ^amazwi edu achatirasa, hongu, mabasa edu ose achatiramba; hatizoonekwa tisinga mavara; uyewo pfungwa dzedu dzichatiramba; uye takadaro hatizodi kutarisa kuna Mwari vedu; uye tingatoda nokufara kukwanisa kuraira matombo ^bnemakomo kuti awire pamusoro pedu kuti ^cativige tisamuone.

15 Asi izvi hazvingadaro; tino fanira kuuya kuti timire pamberi pavo mukubwinya kwavo, nomusimba ravo, nomukuru-

9a Aruma 26:22.
NKM Zvakavandika zvaMwari.
b Joh. 16:12;
Aruma 29:8;
3 Ni. 26:8–11; Eta 4:7.
10a 2 Ni. 28:27; Eta 4:8.
b D&Z 93:39.
c NKM Akazvininipisa.

d 2 Ni. 28:30;
D&Z 50:24.
11a Mat. 25:29.
b NKM Kurasika Pachitendero.
c Joh. 8:34;
2 Ni. 28:19.
d Zir. 9:18;
2 Ni. 2:29.

NKM Gehena.
12a Aruma 11:41–45.
b NKM Kutonga, Kwekupedzisira.
14a Mat. 12:36; Jkb. 3:6;
Mosaya 4:29–30.
b Hos. 10:8; 2 Ni. 26:5.
c Jobo 34:22;
2 Ni. 12:10.

rama kwavo, nomuumambo hwavo, uye tigobvuma ^amukunyarwa kwedu kusingaperi kuti ^bkutonga kwavo kwakanaka; kuti wakarurama mumabasa avo ose, uye kuti vane tsitsi kuvana vavanhu, uye kuti vane simba rose rokuponesa munhu wose uyo anotenda muzita ravo nokuunza michero inobvuma kutendeuka.

16 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri kwozouya rufu, kana ^arufu rwechipiri, rwuri rufu rwomweya, inguva yokuti uyo anofira muzvivi zvake, ^bsorufu rwenyama ^cachazofawo rufu rwemweya; hongu, achafa kuzvinhu zviri maererano nokururama.

17 Zvino ndiyo nguva inenge kurwadziwa kwavo kwave ^asedziva romoto nesuriferi, rimi racho rinoramba richikwira nariini; uye ndiyo nguva iyo vachazosungwa mukuparadzwa kusingaperi, maererano nesimba nokubatwa naSatani, iye avaita kuti vaite kuda kwake.

18 Zvino, ndinoti kwamuri, kuchazova sokwakanga ^akusina rununuro rwakaitwa; nokuti havangaponeswe nekutonga kwaMwari; uye ^bhavangafi, nokuti panenge pasisina kuora.

19 Zvino zvakaitika kuti apo Aruma akanga apedza kutaure

mazwi aya, vanhu vakatanga kushamiswazve.

20 Asi pakanga pane mumwe Andiona, uyo akanga ari mutongi mukuru pakati pavo, akauya akati kwaari: Izvi zviiko zvawataura, kuti munhu achamutswa muvakafa achigoshandurwa kubva pamuviri uno unofa kuenda pamuviri ^ausingafe, kuti mweya hauzofi?

21 Magwaro anorevei, kana achiti Mwari vakaisa ^amakerubi nomunondo unobvira kumbavazuva kwebindu ^breEdeni, kuti vabereki vedu vokutanga vasapinde nokunotora muchero womuti weupenyu, kuti vagogara nokusingaperi? Uye nainzvozo tinoona kuti vakanga vasingazogara nokusingaperi.

22 Zvino Aruma akati kwaari: Ichi ndichochinhu chandanga ndava kuda kutsanangura. Zvino tinoona kuti Adama ^aakaputsika nenzira yokudya ^bmuchero wakarambidzwa, maererano neshoko raMwari; saka tinoona, kuti nokuputsika kwake, vanhu vose ^cvakarasika vakaputsika.

23 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri dai zvakanga zviri nyore kuti Adama ^aadye muchero womuti woupenyu panguva iyoyo, kungadai kusina rufu; shoko ringadai risipo, zvichiita

15a Mosaya 3:25.

^b II Pet. 2:9.

NKM Yenzaniso.

16a NKM Rufu, rweMweya.

^b Aruma 11:40-45.

^c 1 Ni. 15:33;

Aruma 40:26.

17a Zvaka. 19:20; 21:8;

Mosaya 3:27.

18a Aruma 11:41.

^b Zvaka. 21:4;

Aruma 11:45;

D&Z 63:49.

20a NKM Asingafe.

21a Gen. 3:24;

Aruma 42:2;

Mos. 4:31.

NKM Makerubi.

^b NKM Edeni.

22a NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

^b Gen. 3:6;

2 Ni. 2:15-19;

Mosaya 3:26.

^c Mosaya 16:4-5.

23a Aruma 42:2-9.

Mwari murevi wenhema, no-kuti vakati: ^bKana uchinge wangoudya chete zvechokwadi uchafa.

24 Uye tinoona kuti ^arufu rwunouya kumarudzi ose, hongu, rufu urwo rwataurwa na-Amureki, rwunova rufu rwenyama; zvisinei kune nguva yakapiwa ^bmunhu kuti atende-uke; naizvozvo upenyu huno hwakava hwokuedzwa; nguva ^cyokugadzirira kusangana na-Mwari; nguva yokugadzirira izvo zvisingaperi yatakutauri-rai, iyo iri shure kwekumutswa kuvakafa.

25 Zvino, dai pakanga pasina ^azano rorununuro, urwo rwakavapo kubva pakuvambwa kwenyika, kungadai kusina ^bkumutswa kuvakafa; asi pakanga paine zano rorununuro, richaunza kumutswa kuvakafa, zvinova izvo zvataurwa.

26 Uye zvino tarisai, dai vabe-reki vedu vokutanga vakange vaenda vakanodya ^amuti weu-penyu vangadai vakasuwa no-kusingaperi, vasina nguva yo-kugadzirira; uye ^bzano rorunu-nuro ringadai rakakanganiswa, uye shoko raMwari ringadai risipo, risingataure chinhu.

27 Asi tarisai, zvakanga zvisina kudaro; asi zvakanga ^azvaka-

sarudzirwa kuvanhu vose kuti vachafa; uye shure kworufu, vanofanira kuuya ^bkuzotongwa, kutongwa ikwo kuya kwatatau-ra, kuri ikwo kwekupedzisira.

28 Uye shure kwokunge Mwari vataura kuti zvinhu izvi zviuye kuvanhu, tarisai, vakao-na kuti zvakafanira kuti vanhu vazive nezvezvinhu zvavakanga vavasarudzira.

29 Naizvozvo akatumira ^angi-rozi kuti dzikurukure navo, dzikaita kuti vanhu vaone ku-bwinya kwake.

30 Uye vakatangisa kubvira panguva iyoyo kudaidza zita rake; naizvozvo Mwari ^aakaku-rukura navanhu, akavazivisa ^bzano rorununuro, urwo rwakanga rwakagadzirwa kubva ^ckutonga kwenyika; izvi aka-vazivisa maererano nokutenda kwavo nokutendeuka kwavo namabasa avo matsvene.

31 Naizvozvo, vakapa ^amirairo kuvanhu, sezvo vakanga vata-nga kusateerera mirairo ^byo-kutanga pamusana pezvinhu zvenyama; uye vachiva sava-mwari, ^cvachiziva zvakanaka kubva kune zvakaipa, vachi-zviisa pachinzvimbo ^dchokuita kana kuiswa pachinzvimbo chokuita kuda kwavo, kuti voita zvakaipa kana kuti zvakanaka —

23b Gen. 2:17.

24a NKM Rufu, rwenyama.

b 2 Ni. 2:21;
Mos. 5:8–12.

c Aruma 34:32–35.

25a NKM Hurongwa hweRununuro.

b 2 Ni. 2:8;
Aruma 7:12; 42:23.

26a Gen. 2:9; 1 Ni. 15:36;
Aruma 32:40.

b Aruma 34:8–16;
42:6–28;
Mos. 6:59–62.

27a Jobo 7:1;
VaH. 9:27;
D&Z 42:48.

b NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

29a Moro. 7:25, 31;
D&Z 29:42.

30a Mos. 5:4–5; 6:51.

b NKM Hurongwa hweRununuro.

c Mosaya 18:13;
Aruma 13:3, 5, 7–8.

31a NKM Mirairo yaMwari.

b Gen. 2:16–17;
2 Ni. 2:18–19.

c Gen. 3:22–23;
Mos. 4:11.

d 2 Ni. 2:16.
NKM Kuzvisarudzira.

32 Naizvozvo Mwari vakavapa mirairo, shure kwokunge “vavazivisa zano rorununuro, kuti vasaite zvakaipa, kurangwa kwacho pamusana pekuita zvakaipa kuri ^bkufa kwechipiri, kwaizova rufu rwusingaperi maererano nezvinhu zvitvene; nokuti pavanhu ivavo nzira yorununuro hayaizowana simba, nokuti mabasa ‘okuenzanisa haaizoparadzwa, maererano nokunaka kukuru kwaMwari.

33 Asi Mwari vakadana vanhu, muzita roMwanakomana wavo, (iyi yaiva nzira yorununuro yakamiswa) vachiti: Kana muchinge matendeuka, musingaomese mwoyo yenyu, ndichazova netsitsi pamusoro penyu, kuburikidza noMwanakomana Mumwechete Akaberekwa;

34 Naizvozvo, uyo wose anotendeuka asingaomese mwoyo wake, anekodzero yekuwana “tsitsi nenzira yeMwanakomana Mumwechete Akaberekwa, ^bachiregererwa zvitema zvake, uye wose ivava vachava ‘nezororo kwandiri.

35 Uye uyo wose anoomesa mwoyo wake, achiita zvakaipa, tarisai, ndinopika nokutsamwa kwangu kuti haapinde muzororo rangu.

36 Uye zvino hama dzangu, tarisai ndinoti kwamuri, kana muchinge maomesa mwoyo yenyu hamuzopinda muzororo raIshe; naizvozvo kuipa kwenyu kunomutsa ivo kuti vatumire

kutsamwa kwavo pamusoro penyu sapakutsamwiswa “kwokutanga, hongu, maererano nezwi ravo, pakushatiriswa kwavo kwokupedzisira zvimwechetezvo sokwokutanga, kusvika ^bpakuparadzwa kwe-mweya yenyu kusingaperi; naizvozvo maererano nezwi ravo kusvikira rufu rwokupedzisira, kunyange norufu rwo-kutanga.

37 Uye zvino, hama dzangu, tichiona kuti tinoziva zvinhu izvi, uye ndezvechokwadi, ngatitendeukei, tisingaomese mwoyo yedu, kuti “tisatsamwise Ishe Mwari vedu kuti varegedze kutumira kutsamwa kwavo kwatiri mumirairo yavo yechipiri yaakatipa; asi ngatipindei ^bmukuzorora kwaMwari, uko kwakagadzirwa maererano neshoko ravo.

CHITSAUKO 13

Varume vanodaidzwa kuti vave vapirisita vepamusoro nenzira yerutendo rwavo rwakawanda nemabasa akanaka — Vanonzi vadzidzise mirairo — Kuburikidza nekururama vanoitwa kuti vave vatsvene uye vopinda muzororo raIshe — Merkizedeki aive mumwe weava — Ngirozi dziri kutaura mashoko akanaka munyika yose — Dzichaburitsa pachena kuuya chaiko kwaKristu. Zvingangove makore 82 Kristu asati azvarwa.

32a Mos. 5:4–9.

^b NKM Rufu, rweMweya.

^c Mosaya 15:27;

Aruma 34:15–16; 42:15.

34a NKM Anetsitsi.

^b NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

^c NKM Zororo.

36a Jak. 1:7–8;

Aruma 42:6, 9, 14.

^b NKM Kuraswa.

37a 1 Ni. 17:30;

Jak. 1:8;

Hir. 7:18.

^b Aruma 13:6–9.

UYE zvakare hama dzangu, ndinoisa pfungwa dzenyu kunguva Ishe Mwari yavakapa mirairo iyi kuvana vake; uye ndinoti dai marangarira kuti Ishe Mwari “vakagadza vapirisita, muhurongwa hwavo hutsvene, hwakange huri hurongwa hweMwanakomana wake, kuti vadzidzise zvinhu izvi kuvanhu.

2 Uye vapirisita ava vakagadzwa maererano nemitemo “yehurongwa hweMwanakomana wake, ^bnenzira inoita kuti vanhu vazive kuti vangatarisire netsika ipi kuMwanakomana kuti vanunurwe.

3 Uye iyi ndiyo nzira yavaigadzwa nayo—“vachidaidzwa uye ^bvachigadzirirwa kubvira ^cmukutanga kwenyika maererano ^dnokufanoziva kwaMwari, pamusoro perutendo rwavo rwakawanda nemabasa avo akanaka; pakutanga vachisiiwa kuti ^evasarudze zvakanaka kana zvaikaipa; naizvozvo ivo vasarudza zvakanaka, uye vachiratidza ^frutendo rwakawanda zvikuru, ^gvanodaidzwa nokudaidzwa kutsvene, hongu, nekudaidzwa kutsvene kuya kwakagadzirwa, nezviri maererano nehurongwa hwerununuro rwevakadaro.

4 Uye ndiko “kudaidzwa kwavakaitwa mukudaidzwa uku kutsvene pamusana perutendo

rwavo, vamwe vachiramba Mweya waMwari pamusana pekuoma kwemwoyo yavo nepofu hwepfungwa dzavo, zvekuti, dai pakanga pasina izvi vangadaro vakave ^bnepundutso yakaenzana nehama dzavo.

5 Kana muchidimbu, munzvimbo yekutanga vakanga “vakaenzana nehama dzavo; naizvozvo basa dzvene iri ririkugadzirirwa kubvira pakutanga kwenyika kuitira avo vasingamose mwoyo yavo, vari mukati mekudzikinurwa naiye ega Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa, akagadzirirwa—

6 Uye naizvozvo arikudaidzwa kubasa dzvene iri, nokugadzwa hupirisita hwepamusoro hwehurongwa hutsvene hwaMwari, kuti adzidzise mirairo yake kuvana vevanhu, kuti naivowo vagopinda “muzororo ravo—

7 Hupirisita hwepamusoro uhwu huri maererano nehwechikwata cheMwanakomana wavo, chiri chikwata chakange chiripo kubvira pahwaro hwenyika; kana kuti nemamwe mazwi, chiri “chisina pakatanga mazuva kana pakaperera makore, chiri chakagadzirirwa kubva nokusingaperi kusvika nokusingaperi kwose, maererano nokufanoziva ^bkwake zviri mberi muzvinhu zvose—

13 1a Abr. 2:9, 11.

2a D&Z 107:2-4.

b Aruma 13:16.

3a D&Z 127:2.

NKM Sarudzo;

Kufano gadzwa.

b D&Z 138:55-56.

c Aruma 12:25, 30.

NKM Upenyu

hwenyama husati

hwavepo.

d D&Z 38:2.

e NKM Kuzvisarudzira.

f NKM Rutendo.

g NKM Akadaidzwa

naMwari; Hupirisita.

4a Eta 12:10.

b 1 Ni. 17:32-35.

5a 2 Ni. 26:28.

6a Aruma 12:37; 16:17.

NKM Zororo.

7a VaH. 7:3.

b NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

8 Zvino ndiyo tsika “yavaigadzwa nayo—vachidaidzwa nokudaidzwa kutsvene, uye vachigadzwa mubasa dzvene, uye vachitora hupirisita hwepamusoro hwechikwata chitsvene, kuri kudaidzwa, nebasu, nehu-pirisita hwepamusoro, zvisina kwekutanga kana magumo—

9 Ndiko kuita kwavanobva vave “vapirisita vepamusoro zvachose, mugungano reMwanakomana, Mumwechete Akaberekwa waBaba, asina pakatanga mazuva kana panoperera makore, azere ^bnyenya, nekuenzanisa, nechokwadi. Uye ndizvo zvazviri. Amen.

10 Zvino, sekutaura kwandaita maererano negungano dzvene, kana hupirisita uhwu “hwepamusoro, kune vazhinji vakagadzwa uye vakave vapirisita vepamusoro vaMwari; uye zvakange zviri zvaikonzera nerute-ndo rwavo rwakawanda ^bnokutendeuka kwavo, nokururuma kwavo pamberi paMwari, ivo vari vakasarudza kutendeuka nokushandira kururama pane kuti vafe;

11 Naizvozvo vakanga vakadaidzwa mugungano dzvene iri, uye “vakatsveneswa, uye ^bnhumbi dzavo dzikasukwa

dzikachena kuburikidza nero-pa reGwayana.

12 Zvino ivo, mushure “mekutsveneswa ^bneMweya Mutsvene, nhumbi dzavo dzaitwa chena, uye vari “vakachena vasina kavara pamberi paMwari, ha-vaikwanisa kutarisa “chitadzo “vasingashore; uye kwakange kuine vazhinji, vakawanda chaizvo, vakaitwa vachena uye vakapinda muzororo raIshe Mwari vavo.

13 Uye zvino hama dzangu, ndinoti dai mazvirereka pamberi paMwari, uye muunze “michero yakafanira kutende-uka, kuti nemiwo mupinde muzororo iroro.

14 Hongu, zvirerekei kana kufanana nevanhu vemumazuva “aMerkizedeki, akange ariwo mupirisita wepamusoro mugungano iri randambotaura, akatora hupirisita hwepamusoro uhwu zvachose.

15 Uye ndiyeyu Merkizedeki mumwecheteyo, kwaibvisirwa chegumi “naAbrahama; hongu, kana baba vedu Abrahama vaibvisa ^bchegumi chavo che-zvinhu zvose zvavaive nazvo.

16 Zvino uku ndiko kupiwa kwaitwa “zvisungo izvo, kuti vanhu naizvozvo vatarisire ku-

8a D&Z 84:33–42.
nkm Hupirisita
hwaMerkizedeki.

9a nkm Mupirisita
wePamusoro.
b 2 Ni. 2:6.
nkm Nyasha.

10a D&Z 84:18–22.
b nkm Rutendeuko.

11a Mos. 6:59–60.
b 1 Ni. 12:10;

Aruma 5:21–27;
3 Ni. 27:19–20.

12a VaR. 8:1–9.
nkm Kutsveneswa.

b nkm Mweya
Mutsvene.

c nkm Chakachena.

d Mosaya 5:2;
Aruma 19:33.

e Zir. 8:13;
Aruma 37:29.

13a Ruka 3:8.

14a D&Z 84:14. djs,
Gen. 14:25–40.

nkm Merkizedeki.

15a nkm Abrahama.
b Gen. 14:18–20;
Mara. 3:8–10.

nkm Chegumi.

16a nkm Zvisungo.

Mwanakomana waMwari, zviri zviratidzo zvehurongwa hwake, hukuru ^bchimiro chehurongwa hwake izvi zviri zvekuti vatari-sire kwaari kuti varegererwe zvitadzo zvavo, kuti zvimwe vangapinde muzororo raIshe.

17 Zvino Merkizedeki uyu aive mambo wenyika yeSaremi; uye vanhu vake vakange vasimba zvikuru muzvitadzo nemuku-kanganisa; hongu, vose vakanga varasika; vakange vazere ne-huipi hwise-hwise;

18 Asi Merkizedeki ari munhu airatidza rutendo rukuru, uye akatambira hupirisita hwepa-musoro maererano nehurongwa ^ahutsvene hwaMwari, aiparidza rutendeuko kuvanhu vake. Uye tarisai, vakatendeuka; uye Merkizedeki akadzika runya-raro munyika mumazuva ake; saka akadaidzwa kuti jinda rerunyararo, nokuti akange ari mambo weSaremi; uye aitonga ari pasi papaba vake.

19 Zvino kwaive ^anevakawanda iye asati avepo, uye kwaive nevakawanda mushure make, asi ^bhapana aive mukuru kupfura iye; naizvozvo, iye akanyanya kutaura nezvake.

20 Zvino handifanire kudzo-kerera nyaya iyi; zvandataura zvakakwana. Tarisai, ^amagwaro matsvene ari pamberi penyuu; ^bmukarwisana nawo munenge mave kutozviparadza pachenyu.

21 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma paakanga ataura mazwi aya kwavari, akatambanudzira ruoko rwake kwavari akachema nezwi guru, achiti: Ino ndiyo nguva ^ayekutendeuka, nokuti zuva reruponeso rave kuswe-dera pedyo.

22 Hongu izwi raIshe, ^anemi-romo yengirozi; rinodaidzira kumarudzi ose, hongu, rinoda-idzira, kuti vawane mashoko akanaka nerufaro rukuru; hongu, uye vanodaidzira mashoko akanaka aya mukati mevanhu vavo vose, hongu, kana kune avo vakapararira nenyika; no-kudaro vauya kwatiri.

23 Uye zvakaziviswa kwatiri zviri ^apachena, kuti tinzwisise, kuti tisakanganise; izvi nenzira yokuti tiri ^bvafambi munyika yevatorwa; naizvozvo, takadi-wa zvikuru, nokuti mashoko anofadza aya akataurwa kwatiri mumativi ose emunda wedu wemizambiringa.

24 Nokuti tarisai, ^angirozi dziri kutaurira vazhinji munguva ino munyika medu; uye izvi zviri zvekugadziridza mwoyo yevana vevanhu kuti vatambire shoko ravo panguva yaachauya muku-bwinya kwake.

25 Uye zvino tangomirira chete kunzwa nhau dzinorufaro dzi-chiudzwa kwatiri nemiromo yengirozi, dzekuuya kwavo; no-kuti nguva iri kuuya, ^ahatizive

16b NKM Zvemucherechedzo.

18a NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

19a Hir. 8:18;
D&Z 84:6-16;
107:40-55.

^b D&Z 107:1-4.

20a NKM Magwaro matsvene.

^b II Pet. 3:16;
Aruma 41:1.

21a NKM Rutendeuko.

22a Aruma 10:20.

23a 2 Ni. 25:7-8; 31:3; 32:7;

Jak. 4:13;

Eta 12:39.

^b Jak. 7:26.

24a Aruma 10:10; 39:19.

25a 1 Ni. 10:4;

3 Ni. 1:13.

kuti ndiriini. Dai Mwari vaita kuti zvive ndichiri mupenyu; asi zvive zvino kana imwe nguva, mazviri ndichapembera.

26 Uye zvichaziviswa kune “vakarurama uye vatsvene, nemiro mo yengirozi, panguva yekuuya kwake, kuti mazwi emadzibaba edu azadzikiswe, maererano nezvavakataura pamusoro pake, zvakange zviri maererano nechiporofita chaive mavari.

27 Uye zvino, hama dzangu, “ndinodisa nemwoyo wangu wose, hongu, neshungu huru dzinotorwadza, kuti dai mateerera kumazwi angu, uye murase zvitema zvenyu, uye musaveregere zuva rekutendeuka kwenyu;

28 Asi kuti muzvirereke pamberi paIshe, uye mudaidze zita ravo dzvene, uye “mutarisire uye murambe muchinamata, kuti ^bmusaedzwe kudarika zvamunogona kukunda, uye kuti mutungamirwe neMweya Mutsvene, muchizvirereka, ‘makapfava, muchibvuma, makatsiga, muzere nerudo nokushivirira.

29 “Muine rutendo munaIshe; muine tariro yokuti muchagashira upenyu hwokusingaperi; muine ^brudo rwaMwari muwoyo yenyu nguva dzose, kuti mugozosimudzwa musi wekupedzisira uye mugopinda ‘muzororo ravo.

30 Uye Ishe vakupei rutendeuko, kuti musaunze kushatirwa kwavo pamusoro penyu, kuti musasungwe nengetani “dzegehena, kuti musazofa ^brufu rweperi.

31 Uye Aruma akataura mamwe mazwi akawanda kuvanhu, asina kunyorwa mubhuku rino.

CHITSAUKO 14

Aruma naAmureki vanoiswa mutirongo uye vogorohwa — Vanotenda nemagwaro avo matsvene vanopiswa nemoto — Vanofira Ishe vanotambirwa navo mukubwinya — Madziro etirongo anotsemuka uye achibva angondomoka — Aruma naAmureki vanoponeswa, uye vanovanetsa vanouraiwa. Zvingangove makore 82 kusvika ku81 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti apedza kutaura kuvanhu ava vazhinji vavo vakatenda kumazwi ake, vakatanga kutendeuka, nokunzvera “magwaro matsvene.

2 Asi vazhinji vaida kuti dai vaparadza Aruma naAmureki; nokuti vakanga vashatirirwa Aruma, pamusana pekutaura zviri “pachena kuna Ziziromu; uye vakatiwo Amureki ainge ^bavanyepera, uye akatuka mutemo wavo nemagweta avo nevatongi vavo.

26a Amosi 3:7;
Ruka 2:8–11.
27a Mosaya 28:3.
28a NKM Munamato;
Murindiri.
b I VaKori. 10:13.
c NKM Akapfava;

Mwoyo Murefu.
29a Aruma 7:24.
b D&Z 20:31; 76:116.
NKM Rudo
Rwakadzama.
c D&Z 84:24.
30a NKM Kuraswa;

Gehena.
b NKM Rufu, rweMweya.
14 1a II Madz. 22:8–13.
NKM Magwaro
matsvene.
2a Aruma 12:3–7.
b Aruma 10:27.

3 Uye vakashatiriswawo na-Aruma naAmureki; nenzira ye-kuti hapana chavakanga vavanza pakuvataurira nezvehuipi hwavo, vakatsvaka kuvauraya muruvande.

4 Asi zvakaitika kuti havana kuzviita; asi vakavatora vakavasunga netambo dzakasimba, uye vakaenda navo kumutongi mukuru wenyika.

5 Uye vanhu vakaenda vakano-vapomera — vachipupura kuti vakanga vatuka mutemo, nemagweta nevatongi venyika, uyezve nevanhu vose vemunyika; uye vachipupura kuti kuna Mwari mumwechete, uye vachatumira Mwanakomana wavo mukati mevanhu, asi haavaponise; nezvimwe zvizhinji zvakadaro zvakapomerwa Aruma naAmureki nevanhu. Zvino izvi zvakaitwa pamberi pemutongi mukuru wenyika.

6 Zvino zvakaitika kuti Zizirumu akashamiswa nemazwi akanga ataurwa; uye aizivawo nokupofomadzwa kwepfungwa, kwaakanga akonzera mukati mevanhu pamusana pemazwi ake ekunyepa; uye mweya wake ukatanga ^akunetswa nekuziva ^bnokunyumwa kwake kuti ane mhosva; hongu, akatanga kunzwa kukomberedzwa nokurwadziwa kwegehena.

7 Uye zvakaitika kuti akatanga kuchema kuvanhu, achiti: Tarisai, ini ndine ^amhosva, ava varume havana kana kavara pamberi paMwari. Akatanga

kuvareverera kubvira panguva iyoyo; asi vakamutuka, vachiti: Asi iwe wabatwawo nadhiahborosi? Uye vakamusvipira, uyezve ^bvakamubvisa mukati mavo, neavo vose vakanga vate-nda kumazwi akanga ataurwa naAruma naAmureki; uye vakavatandira kunze, uye vakatuma vanhu kuti vanovatema nemabwe.

8 Uye vakauya nevakadzi vavo nevana vavo pamwechete, uye ani zvake aitenda kana akanga adzidziswa kutenda mushoko raMwari vakaita kuti vakandwe mumoto; uye vakauyawo nezvinyorwa zvavo zvakange zviine magwaro matsvene, vakazvikandawo mumoto, kuti zvitsve zviparadzwe nemoto.

9 Uye zvakaitika kuti vakatora Aruma naAmureki, ndokuvatakura vachienda navo kunzvimbo yaiurairwa vatendi, kuti vaone kuparadzwa kwaiitwa avo vaipiswa nemoto.

10 Uye Amureki paakaona kurwadziwa kwaiita vakadzi nevana vakanga vachitsva mumoto, akanzwawo kurwadzwa; uye akati kuna Aruma: Tinotarisai sei zvinhu zvakaipa kudai? Naizvozvo ngatitambanudzei maoko edu, tishandise ^asimba raMwari riri matiri, tivaponise kubva murimi iri.

11 Asi Aruma akati kwaari: Mweya uri kundirambidza kuti ndisatambanudze ruoko rwangu; nokuti tarisai Ishe vari kuvatambira ivo pachavo,

6a Aruma 15:5.
b NKM Hana.

7a Aruma 11:21–37.
b Aruma 15:1.

10a Aruma 8:30–31.

"mukubwinya; uye vanobvumira kuti vaite chinhu ichi, kana kuti vanhu vaite izvi kwavari, maererano nokuoma kwemwoyo yavo, kuti ^bkutonga kwavachavaita mukushatirwa kwavo kugove kwakakodzera; uye ^cropa ^drevasina mhosva richavaroovera, hongu, uye richichema nesimba muzuva rekupedzisira.

12 Zvino Amureki akati kuna Aruma: Tarisai, zvimwe nesuwo vachatipisa.

13 Uye Aruma akati: Ngazvive sekuda kwaIshe. Asi, tarisai, basa redu harisati rapera; naitzvovvo havatipise.

14 Zvino zvakaitika kuti miviri yeavo vakanga vakandwa mumoto yatsva, uye nezvinyorwa zvakanga zvakandwawo nayo, mutongi mukuru wenyika akauya akamira pana Aruma naAmureki, vakasungwa; uye akavarova neruoko rwake pamatama, akati kwavari: Mushure mezvamaona, muchaparidzira vanhu ava zvakare here, kuti vachakandwa ^amudziva remoto nesuriferi?

15 Tarisai, muri kuona kuti hamuna simba rekuponesa avo vakandwa mumoto; kana Mwari havana kuvayamura nokuti vange vari verutendo rwenyu. Uye mutongi akavarova zvakare pamatama, uye akavabunza: Mungazvitaure muchititii?

16 Zvino mutongi uyu waive wegungano nerutendo ^arwaNeha, akauraya Gideoni.

17 Uye zvakaitika kuti Aruma naAmureki havana chavakamupindura; uye akavarova zvakare, uye ndokuvapa kumapurisa kuti avaise mutirongo.

18 Uye vagara mutirongo kwemazuva matatu, kwakauya ^amagweta akawanda, nevatongi, nevapirisita, nevadzidzisi, vakanga vaine basa seraNeha; uye vakapinda mutirongo kunovaona, uye vakavabunza pamusoro pemazwi mazhinji, asi hapana chavakavapindura.

19 Uye zvakaitika kuti mutongi akamira pamberi pavo, uye akati: Sei musiri kupindura mazwi evanhu ava? Hamuzive kuti ndine simba rekukutumirai kumoto? Uye akavati vataure; asi havana chavakapindura.

20 Uye zvakaitika kuti vakabva vakaenda, asi vakadzoka zvakare ramangwana; uye mutongi akavarova zvakare nembama pamatama avo. Uye vazhinji vakauyawo, vakavarova, vachiti: Muchamira zvakare here muchitunga vanhu ava, muchishora mutemo wedu? Kana muine simba rakadaro muri kudii ^akuzviyamura?

21 Uye zvinhu zvizhinji zvakadaro zvavakataura kwavari, vachitsenga mazino avo kwavari, uye vachivasvipira, uye vachiti: Tichatarisika sei kana taraswa?

22 Uye zvinhu zvizhinji zvakadaro, hongu, zvose zvakadaro zvakasiyana siyana zvavakataura kwavari; uye vakavaseka

11a NKM Kubwinya.
b Mpi. 37:8-13;
Aruma 60:13;
D&Z 103:3.

NKM Yenzaniso.
c NKM Kuponderwa
Chitendero.
d Mosaya 17:10.

14a Aruma 12:17.
16a Aruma 1:7-15.
18a Aruma 10:14; 11:20.
20a Mat. 27:39-43.

kwemazuva mazhinji. Uye vakavanyima zvekudya kuti vanzwe nzara, nemvura kuti vanzwe nyota; uye vakavatorera nhu-mbi dzavo vakasara vasina chavakapfeka; uye vakasungwa netambo dzakasimba, vakaiswa mutirongo.

23 Uye zvakaitika kuti mu-shure mekunge vatambudzika kwemazuva mazhinji, (uye rai-ve zuva rechigumi nemaviri, mumwedzi wechigumi, mugore rechigumi rekutonga kwevato-ngi vanhu vaNifai) kuti mutongi mukuru munyika ya-Amonaiha nevadzidzisi vavo vazhinji nemagweta avo vaka-enda vakapinda mutirongo maive naAruma naAmureki va-kasungwa netambo.

24 Uye mutongi mukuru aka-mira pamberi pavo, uye ndo-kuvarova zvakare, uye ndokuti kwavari: Kana muine simba ra-Mwari zvibvisei mumajoto aya, uye zvino ndikwo kuti titende kuti Ishe vachaparadza vanhu ava maererano nemazwi enyu.

25 Uye zvakaitika kuti vose vakaenda vakavarova, vachitaurura mazwi mamwecheteo, kusvika pane wekupedzisira; uye wekupedzisira ataura kwavari “simba raMwari rakanga rava pana Aruma naAmureki, uye vakasimuka vakamira netsoka dzavo.

26 Uye Aruma akachema, achiti: Ko “tichatambudzika kusvika riini nhai Ishe? Imi Ishe, tipei simba maererano nerutendo

rwedu muna Kristu, kana mukuponeswa. Uye vakadambura tambo dzakanga dzakavasunga; uye vanhu zvavakaona izvi, vakatanga kutiza, nokuti kutya kuparadzwa kwakange kwave pavari.

27 Uye zvakaitika kuti kutya kwavo kwaive kukuru zvekuti vakawira pasi, vakatadza kusvika pamusiwo wekunze “wetirongo; uye nyika yakandendemera zvikuru, uye madziro etirongo akatsemuka paviri, zvekuti akawira pasi; uye mutongi mukuru, nemagweta, uye vapisita, nevadzidzisi, vakarova Aruma na-Amureki, vakauraiwa nekuwira nemadziro.

28 Uye Aruma naAmureki vakabuda mutirongo, uye havana kukuvara; nokuti Ishe vakanga vavapa simba, maererano nokutenda kwavo kuri muna Kristu. Uye vakabva vabuda mutirongo; uye vakasunungurwa “majoto avo; uye tirongo rakanga rawira pasi, nemweya wose wakanga urimo, kunze kwaAruma na-Amureki, yakauraiwa; ndokubva pakarepo vapinda muguta.

29 Zvino vanhu pavakanzwa zhowe-zhowe vakauya vachimhanya pamwechete vari mhomo kuti vazoono kuti vazive chikonzero chacho; uye pava-kaona Aruma naAmureki vachibuda kubva mutirongo, uye icho chidziro chacho chawira pasi, uye vakatiza Aruma na-Amureki kunge mbudzi ine vana yaona shumba mbiri; uye

25a Aruma 8:31.

26a Jkb. 5:10–11;
Mosaya 17:10–20;

D&Z 121:7–8.

27a Mabasa 16:26;
Eta 12:13.

28a Jak. 4:6;

3 Ni. 28:19–22.

ndiko kutizwa kwakaita Aruma naAmureki.

CHITSAUKO 15

Aruma naAmureki vanoenda kuSidhomu uye vanomisa chechi—Aruma anorapa Ziziromu, anobva auya muChechi—Vazhinji vanobhabhatidzwa, uye Chechi ichibva yabudirira—Aruma naAmureki vanoenda kuZarahemura. Zvingangove makore 81 Kristu asati azvarwa.

Uye zvakaitika kuti Aruma naAmureki vakaudzwa kuti vabve muguta iri; uye vakabva, vakabuda vakapinda munyika yeSidhomu; uye tarisai, imomo vakasvikowana vanhu vose vakanga vabva munyika ^ayaAmonaiha, vakanga ^bvatandaniswa vakatemwa nematombo, pamusana pekuti vakanga vataenda kumazwi aAruma.

2 Uye vakavaudza zvose zvakanga zvaitika ^akuvakadzi vavo nekuvana vavo, nezvavowo, ^bnesimba ravo rekuponesa.

3 Uye Ziziromuwo akanga arere achirwara ari Sidhomu, akabatwa nedziwa, rainge rakonzwerwa nekunetseka kwepfungwa yake pamusoro ^apekuipa kwake, nokuti aifunga kuti Aruma naAmureki hakusisina; uye aifunga kuti vakauraiwa pamusana pekutadza kwake. Uye chitema chikuru ichi, nezvimwe zvitema zvake zvizhinji, zvakanetsa pfungwa dzake

zvekuti akadakara kurwadziwa, pasina chiyamuro; nokudaro akatanga kupiswa nokupiswa kukuru.

4 Zvino zvaakanzwa kuti Aruma naAmureki vave munyika yeSidhomu, mwoyo wake wakatanga kunzwa kushinga; akabva atumira nhume kwavari nokukurumidza, achida kuti vauye kwaari.

5 Uye zvakaitika kuti vakabva vangoenda pakarepo, vachiteerera kunhume yaakanga avatumira; uye vakaenda vakapinda mumba maive naZiziromu; uye vakamuwana arere, achirwara, akaderera chaizvo nokurwara; uye pfungwa yakewo yakange ichirwadziwa kwazvo nekutadza kwake; uye zvaakavaona akatambanudza ruoko rwake, akavakumbira kuti vamurape.

6 Uye zvakaitika kuti Aruma akati kwaari, achimutora neruoko: “Unotenda here simba raKristu kuti rinoponesa?”

7 Uye akapindura akati: Hongu, ndinotenda ose mazwi amakadzidzisa.

8 Uye Aruma akati: Kana uchitenda murununuro rwaKristu unogona ^akuporeswa.

9 Uye iye akati: Hongu, ndinotenda maererano nemazwi enyu.

10 Uye zvino Aruma akachema kuna Ishe achiti: Imi Ishe Mwari vedu, ivai netsitsi pane murume uyu, uye ^amumurape maererano nerutendo rwake rwuri munaKristu.

11 Uye Aruma zvaakange

15 1a Aruma 16:2–3, 9, 11.

b Aruma 14:7.

2a Aruma 14:8–14.

b Aruma 14:28.

3a Aruma 14:6–7.

6a Marko 9:23.

8a NKM Kurapa.

10a Marko 2:1–12.

ataura mazwi aya, Ziziromu “akasvetuka akamira netsoka dzake, akatanga kufamba; izvi zvakaitwa zvikashamisa vanhu vose; uye nyaya iyi yakafamba nenyika yose yeSidhomu.

12 Uye Aruma akabhabhatidza Ziziromu munalshe; uye akatanga kubvira panguva iyoyo kuparidzira vanhu.

13 Uye Aruma akamisa chechi munyika yeSidhomu, uye akagadza vapirisita nevadzidzisi munyika umu, kuti vabhabhatidze muna Ishe ani zvake anenge ada kubhabhatidzwa.

14 Uye zvakaitika kuti vakange vakawanda; nokuti vakauya kubva kumatunhu ose akatenderedza Sidhomu, uye vakabhabhatidzwa.

15 Asi vanhu vakanga vari munyika yeAmonaiha, vakaramba vakaomesa mwoyo vari vanhu vane mitsipa yakaoma; uye havana kutendeuka pazvitema zvavo, vachiti rose simba raAruma naAmureki nderadhi-abhorosi; nokuti vakanga vari vebasa “raNeho, nokudaro vakange vasingatende nezvekutendeuka muzvitema zvavo.

16 Uye zvakaitika kuti Aruma naAmureki, Amureki ari akange “asiya rose goridhe rake, nesirivha, nezvinokosha zvake, zvaive munyika yeAmonaiha, pamusana peshoko raMwari, ^bachirambwa neavo vaive shamwari dzake nababa vake nehama dzake;

17 Naizvozvo, mushure mekunge Aruma aita chechi kuSidhomu, achiona “kupinduka kukuru, hongu, achiona kuti vanhu vakange vapinduka mukudada kwemwoyo yavo, uye vakatanga ^bkuzvirereka pamberi paMwari, uye vakatanga kuunganidzana pamwechete munzvimbo dzavo dzekusanganana kuti “vanamate Mwari vari paaritari, “vachitarisa nokunamata nguva dzose, kuti vaponeswe panaSatani, “nemurufu, nemukuparadzwa —

18 Zvino sekutaura kwanda-ita, Aruma aona zvinhu zvose izvi, naizvozvo akatora Amureki vakaenda kunyika yeZarahemura, uye akaenda naye kumba kwake, uye akamunamatira mumatambudzi-ko ake, uye akamusimbisa muna Ishe.

19 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechigumi rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

CHITSAUKO 16

MaRamani vanoparadza vanhu veAmonaiha—Zoramu anotungamira maNifai mukukunda maRamani—Aruma naAmureki nevamwe vazhinji vanoparidza shoko—Vandzidzisa kuti mushure mekumuka kwake kuvakafa Kristu achaonekwa kumaNifai. Zvingangove makore 81 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

11a Mabasa 3:1–11.
15a Aruma 1:2–15.
16a Ruka 14:33;
Aruma 10:4.

^b NKM Kupfuvisa.
17a Aruma 16:21.
^b NKM Akazvinipisa.
^c NKM Kunamata.

^d NKM Munamoto;
Murindiri.
^e NKM Rufu, rweMweya.

UYE zvakaitika kuti mugore regumi nerimwechete rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai, muzuva rechishanu remwedzi wechipiri, mainge muine runyararo kwazvo munyika ye-Zarahemura, mainge musina hondo kana kupesana kwamakore akati, kana kudakara kusvika muzuva reshanu remwedzi wechipiri mugore rechigumi nerimwechete, kwakave nekuchema kwehondo kwakanzwickwa munyika yose.

2 Nokuti tarisai, mauto emaRamani akange auya nerutivi rwunerenje, kumiganhu kwenyika, kana muguta *reAmonaiha*, uye vakatanga kuuraya vanhu nokuparadza guta.

3 Uye zvino zvakaitika kuti, maNifai vasati vaunganidza mauto akawanda zvekuti aigona kuvadzinga munyika, vakange *vaparadza vanhu vaive muguta reAmonaiha*, nevamwewo vaive kumiganhu nenyika yaNoa, uye ndokutora vamwe vavakaenda navo murenje senhapwa.

4 Zvino zvakaitika kuti maNifai vakada kuti vawane avo vakanga vatakurwa vaendwa navo murenje senhapwa.

5 Naizvozvo, akanga aitwa mukuru wemauto emaNifai, (uye zita rake rainzi Zoramu, uye aive nevanakomana vaviri, Rihai naAha)—zvino Zoramu nevanakomana vake vaviri, vachiziva kuti Aruma akanga ari mupirisita wepamusoro pechechi, uye vari vakanga

vanzwa kuti ane mweya wechiporofita, naizvozvo vakaenda kwaari uye vachida kunonzwa kuti Ishe vangade here kuti vaende mukunotsvaka hama dzavo, vakanga vatorwa nemaRamani senhapwa.

6 Uye zvakaitika kuti Aruma *akabvunza kuna Ishe pamusoro penyaya iyi*. Uye Aruma akadzoka akati kwavari: Tarisai, maRamani vachayambuka rwizi rweSidhoni nemurenje rechekuchamhembe, kure kupfuura muganhu wenyika yeMandi. Uye tarisai ikoko ndiko kwamuchasangana navo, kumabvazvuva kwerwizi rweSidhoni, uye ipapo Ishe ndipo pavachakupai hama dzenyu vakatorwa senhapwa nemaRamani.

7 Uye zvakaitika kuti Zoramu nevanakomana vake vakayambuka rwizi rweSidhoni, nemauto avo, uye vakaenda kure kupfuura muganhu weMandi kusvika kurenje rechekuchamhembe, rakange riri kurutivi rwekumabvazvuva kwerwizi rweSidhoni.

8 Uye vakasvika paive nemauto emaRamani, uye maRamani akaparadzwa uye akatandanisirwa murenje; uye vakatora hama dzavo dzakanga dzatorwa nema Ramani senhapwa, uye kwakange kusina kana mweya mumwechete wakarasika pavanhu vakanga vatorwa senhapwa. Uye vakauya nehama dzavo vakave nenyika yavo.

9 Uye ndiko kupera kwakaita

gore regumi nerimwechete re-
vatongi, maRamani atandani-
swa munyika, uye vanhu ve-
Amonaiha ^avaparadzwa; hongu,
wose mweya waive mupenyu
wemaAmonaiha ^bwakapara-
dzwa, negutawo ravo guru,
ravakati Mwari havakwanise
kuriparadza, nenzira yembiri
yaro.

10 Asi tarisai, nezuva ^arimwe-
chete chete rakasara rave dongo;
uye zvitunha zvakadyiwa ne-
mbwa nezvikara zverenje.

11 Zvakadaro, mushure mema-
zuva mazhinji zvitunha zvavo
zvakaunganidzwa pamusoro
penyika, zvikafukidzwa zvi-
shoma-shoma. Uye kwakave
nokunhuwa kukuru zvekuti
vanhu havana kuenda kunogara
nyika yeAmonaiha kwemakore
mazhinji. Uye ikadaidzwa kuti
Nyika yeKuparadzwa kwema-
Neho; nokuti vakanga vari ve-
basa ^araNeho, avo vakauraiwa;
uye nyika dzavo dzikasara dziri
magwenga.

12 Uye maRamani haana kuu-
ya zvakare kuzoita hondo ne-
maNifai kudakara gore regumi
nemakore mana ekutonga kwe-
vatongi vanhu vaNifai. Uye
naizvozvo kwemakore matatu
vanhu vaNifai vakanga vaine
runyararo munyika yose.

13 Uye Aruma naAmureki
vakaenda vachiparidza rute-
ndeuko kuvanhu ^amutemberi

dzavo, nemunzvimbo dzavai-
sangana, ^bnemumasinagogowo
avo, akanga akavakwa netsika
yemaJuda.

14 Uye vose vakanzwa mazwi
avo, kwavari vakapa shoko
raMwari, pasina ^aavaisiya, ngu-
va dzose.

15 Uye ndiko kuenda kwakaita
Aruma naAmureki, nevamwe
vazhinji vakanga vasarudzwa
kuti vaite basa iri, kuparidza
shoko kunyika yose. Uye kui-
twa kwechечи chakave chinhu
chakati tekeshe munyika yose,
mumatunhu ose akatenderedza,
mukati mevanhu vose vema-
Nifai.

16 Uye mukati mavo makange
^amusina kusaenzana; Ishe va-
kadira Mweya wavo pamusoro
pose penyika kugadzirira pfu-
ngwa dzevana vevanhu, kana
kugadzirira ^bmwoyo yavo ku-
gashira shoko richadzidziswa
pakati pavo panguva yekuuya
kwavo—

17 Kuti vasaomeswe pashoko,
kuti vasave vasingatende, zvo-
vaendesa kunoparadzwa, asi
kuti vagashire shoko norufaro,
uye ^asebazi rapinzaniswa ^bne-
munzabviringa wechokwadi,
kuti vapinde ^cmuzororo raIshe
Mwari vavo.

18 Zvino vose ^avapisita vaien-
da muvanhu vaiparidza va-
chiramba nhema dzose, uye
^bkunyengedza, ^cnekuchiva, no-

9a Aruma 8:16; 9:18–24;
Morm. 6:15–22.

b Aruma 25:1–2.

10a Aruma 9:4.

11a Aruma 1:15; 24:28–30.

13a 2 Ni. 5:16.

b Aruma 21:4–6, 20.

14a Aruma 1:30.

16a Mosaya 18:19–29;

4 Ni. 1:3.

b NKM Mwoyo

Wakatyoka.

17a Jak. 5:24.

b NKM Munda

wemizambiringa
waIshe.

c Aruma 12:37; 13:10–13.

18a Aruma 15:13.

b NKM Hunyengedzi.

c NKM Chiva.

kunetsana, nepfina, nokutukana, nokuba, kupamba, kupaza, kuponda, kupomba, nemabasa ose eupombwe hwakasiyana-siyana, vachichema kuti zvinhu izvi hazvifaniri kuvepo—

19 Vachiratidza zvinhu zvakange zvave kuda kuuya; hongu, vachiratidza “kuuya kweMwanakomana waMwari, kutambudzika kwake nekufa, nokumuka kuvakafa.

20 Uye vanhu vazhinji vakabvunza vachida kuziva nzvimbo yaizouya Mwanakomana waMwari; uye vakaudzwa kuti “aizouya kwavari ^bmushure mekumuka kwake kuvakafa; uye izvi vanhu vakazvinzwa norufaro rwukuru.

21 Uye zvino chechi yamiswa kwose-kwose munyika—ichinge “yakunda dhiabhorosi, uye shoko raMwari richiparidzwa nekuchena kwaro munyika yose, uye Ishe vachidira maropafadzo avo muvanhu ndikwo kupera kwakaita gore rechigumi nemakore mana ekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

Nyaya yevanakomana vaMosaya, vakaramba nhaka yavo yekugara umambo nenzira yeshoko raMwari, uye vakaenda kunyika yaNifai kunoparidzira maRamani; kutambudzika kwavo nokuponeswa kwavo—maererano nezvinyorwa zvaAruma.

*Zvichisanganisa zvitsauko
17 kusvika ku27.*

CHITSAUKO 17

Vanakomana vaMosaya vane mweya wechiporofita newekuzarurirwa—Vanoenda uyu nenzira yake uyu neyake kunotaura shoko kumaRamani—Amoni anoenda kunyika yaIsmaeri uye obva ave muranda waMambo Ramonai—Amoni anonunura zvipfuyo zvamambo uye achibva auraya vavengi vake pamvura dzeSebhusi. Ndima 1 kusvika ku3, zvingangove mugore 77 Kristu asati azvarwa; ndima 4, zvingangove mugore 91 kusvika kuna77 Kristu asati azvarwa; uye ndima 5 kusvika ku39, zvingangove mugore ra91 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Aruma zvaakanga ari parwendo kubva munyika yaGideoni akananga kuchamhembe, kure kunyika yaMandi, tarisai, akashamiswa, “akasangana ^bnevanakomana vaMosaya vari parwendo rwekuenda kunyika yeZarahemura.

2 Zvino vanakomana vaMosaya ava vaive naAruma ngirozi “payakatanga kuuya kwaari; naizvozvo Aruma akafara kwazvo kuona hama dzake; uye chakapamidzira rufaro rwake, kuti vakanga vachiri hama dzake munaIshe; hongu, uye vakanga vasimba mukuziva kwavo chokwadi; nokuti vakanga vari varume vane ruzivo chairwo

19a NKM Jesu Kristu—
Zviporofita
nezvekuzvarwa uye
nerufu rwaJesu

Kristu.
20a 2 Ni. 26:9;
3 Ni. 11:7–14.
b 1 Ni. 12:4–6.

21a Aruma 15:17.
17 1a Aruma 27:16.
b Mosaya 27:34.
2a Mosaya 27:11–17.

uye vakanga ^bvanzvera magwaro matsvene nesimba, kuti vazive shoko raMwari.

3 Asi izvi hazvizizvo zvose; vakazvipira mukunamata zvakanyanya, “nokutsanya; naizvo-zvo vaive nemweya wechiporofita, nemweya wekuzarurirwa, uye ^bpavaidzidzisa, vaidzidzisa nesimba nemvumo yaMwari.

4 Uye vakanga vadzidzisa shoko raMwari kumaRamani kwegumi remakore rine makore mana, “vakabudirira zvikuru ^bmukuunza vazhinji kuti vazive chokwadi; hongu, nesimba remazwi avo vazhinji vakaunzwa pamberi pearitari yaMwari, kuti vashevedze zita ravo ‘nokureurura zvitema zvavo pamberi pavo.

5 Zvino izvi ndizvo zvinhu zvavakasangana nazvo munzendo dzavo, nokuti vakasangana nematambudziko mazhinji; vakatambudzika zvikuru, zvose munyama nemupfungwa, zvinenge nzara, nyota nekuneta, “nokushushikana kwemweya.

6 Zvino idzi ndidzo dzaive nzendo dzavo: “Vaoneka baba wavo, Mosaya, mugore rekutanga rekutonga kwevatongi; ^bvaramba umambo hwavaida kupiwa nababa wavo, uye zvirizvowo zvakanga zvirimupfungwa dzevanhu;

7 Zvakadaro vakabva munyika

yeZarahemura, vakatora minondo yavo, nemapfumo avo, neuta hwavo, nemiseve yavo, nezvinziriri zvavo; uye izvi vakazviita kuti vagowana zvekudya nazvo vari murenje.

8 Uye ndiko kuenda kwakaita murenje neavo vakavanga vasarudza, kuti vakwidze kuenda kunyika yaNifai, kuti vanoparidza shoko raMwari kumaRamani.

9 Uye zvakaitika kuti vakafamba mazuva mazhinji vari murenje, uye vakatsanya zvakananyanya “nokunamata chaizvo kuti Ishe vavapewo chimedu cheMweya wavo kuti chiende navo, uye chigare navo, kuti vave ^bmudziyo unounza mumaoko aMwari, kana zvirinyore, hama dzavo, maRamani, kuti vazive chokwadi, kuti vazive kushoreka ‘kwetsika dzemadzibaba avo dzakanga dzisiri idzo.

10 Uye zvakaitika kuti Ishe “vakavashanyira ^bneMweya wavo, uye vakati kwavari: ‘Nyaradzwai. Uye vakanyaradzwa.

11 Uye Ishe vakatiwo kwavari: Endai mukati memaRamani, hama dzenyu, munotaura shokorangu; asi muve “makatirira mukutambudzika nemukurwadziwa, kuti muratidze zvakanaka mandiri kwavari, uye ndichaita kuti muve mudziyo

2b NKM Magwaro matsvene.

3a NKM Kutsanya; Munamato.

b NKM Dzidzisa—Kudzidzisa neMweya.

4a Aruma 29:14.

b NKM Basa

reKushumira.

c NKM Reurura, Reururo.

5a Aruma 8:10.

6a Mosaya 28:1, 5-9.

b Mosaya 29:3.

9a Aruma 25:17.

NKM Munamato.

b Mosaya 23:10;

Aruma 26:3.

c Aruma 3:10-12.

10a D&Z 5:16.

b NKM Mweya

Mutsvene.

c Aruma 26:27.

11a Aruma 20:29.

NKM Mwoyo Murefu.

uri mumaoko angu unoponesa mweya yakawanda.

12 Uye zvakaitika kuti mwoyo yevanakomana vaMosaya, neyeavo vavakanga vainavo, yakatora kushinga kuti vaende kumaRamani kuti vanovataurira shoko raMwari.

13 Uye zvakaitika kuti pava-kasvika mumiganhu yenyika yemaRamani, “vakaparadzana vakati ava vachienda nekuku, ava nekuku, vachivimba kuti Ishe vachaita kuti vaungane zvakare mushure mekupedza ^bkukohwa kwavo; nokuti vaiti basa ravakanga vaita raive guru chaizvo.

14 Uye nechokwadi raive guru, nokuti vakange vazvipira kuparidza shoko raMwari kuvanhu “vaipenga uye vakaoma uye magandanga evanhu; vanhu vaifadzwa nekuponda maNifai, nekupamba nokupaza; uye mwoyo yavo yaive paupfumi, kana pagoridhe nesirivha, nematombo akakosha; asi vaida kuwana zvinhu izvi nekuparadza, kuti vasazvishandire nemaoko avo.

15 Naizvozvo vaive vanhu vane nungo, vazhinji vavo vainamata zvifananidzo, uye “kutuka kwaMwari kwakange kwave pavari nenzira ^byetsika dzemadzibaba avo; zvakadaro ruvimbiso rwalshe rwakapiwa kwavari kana vari vatendeuka.

16 Naizvozvo, izvi ndizvo “zvakanzera kuti vanakomana vaMosaya vazvipire muba-

sa iri, kuti zvimwe vangavaite kuti vatendeuke; kuti zvimwe vangaite kuti vasvike pakuziva hurongwa hwerununuro.

17 Naizvozvo vakaparadzana vakati uyu kwake, uyu kwake, uye vakaenda mukati mavo, munhu ari ega, maererano neshoko nesimba raMwari raakapiwa.

18 Zvino Amoni semukuru mukati mavo, kana kuti sezvo ari iye aivatonga, uye akabva kwavari, mushure “mekuvaro-pafadza maererano nezvavai-kodzera, avapa shoko raMwari, kana kuti avaropafadza asati abva kwavari; uye ndokuenda kwavakaita panzendo dzavo uyu nekwake uyu nekwake nenyika yose.

19 Uye Amoni akapinda munyika yaIshmaeri, nyika yacho ichidaidzwa nezita revanakomana “vaIshmaeri, avo vakazovewo maRamani.

20 Uye Amoni zvaaipinda munyika yaIshmaeri, maRamani akamutora akamusunga, setsika yavo yekusunga ose maNifai ainge awira mumaoko avo, uye vovatakura voenda navo pamberi pamambo; saka zvainge zvave zvinofadza mambo kuvauraya, kana kuvaisa muutapwa, kana kuvaisa mutirongo, kana kuvatandanisa munyika make, maererano nezvaanenge ada nezvamufadza.

21 Uye saka Amoni akatakurwa akaendwa naye pamberi pamambo akanga ari munyika

13a Aruma 21:1.

b Mat. 9:37.

14a Mosaya 10:12.

15a Aruma 3:6-19;

3 Ni. 2:15-16.

b Aruma 9:16-24; 18:5.

16a Mosaya 28:1-3.

18a NKM Kuropafadzwa.

19a 1 Ni. 7:4-6.

yaIshmaeri; uye zita rake rainzi Ramonai; uye akange ari wechizvarwa chaIshmaeri.

22 Uye mambo akabvunza Amoni kuti chido chake ndechekuda kugara munyika mukati memaRamani here, kana kuti mukati mevanhu vekwake.

23 Uye Amoni akati kwaari: Hongu, ndinoda kugara mukati mevanhu ava kwechinguva; hongu, zvimwe kusvika musi wandinofa.

24 Uye zvakaikwa kuti mambo Ramonai akafadzwa kwazvo naAmoni, uye akaita kuti majoto ake asunungurwe; uye akada kuti Amoni atore mumwe wevanasikana vake ave mukadzi wake.

25 Asi Amoni akati kwaari: Kwete, asi ndingave muranda wenyu. Saka Amoni akave muranda wamambo Ramonai. Uye zvakaikwa kuti akaiswa mukati mevamwe varanda kuchengeta zvipfuyo zvaRamonai, maererano netsika yemaRamani.

26 Uye mushure mekunge ave nemazuva matatu achishandira mambo, sezvo akange ari nevaranda vechiRamani vachienda nezvipfuyo zvavo kunzvimbo yaive nemvura, yainzi mvura yeSebhusi, uye vose vaRamani vaienda nezvipfuyo zvavo iko, kuti zviwane mvura —

27 Naizvozvo, Amoni nevaranda vamambo vachitinha zvipfuyo zvavo vachienda kunzvimbo yemvura iyi, tarisai, vamwe vemaRamani, vakange vaenda kunonwisa zvipfuyo zvavo, vakamira vakatandanisa zvipfuyo zvaAmoni nezvevaranda

vamambo, uye vakazvitandanisa zvekuti zvakatiza nekwa-kasiyana-siyana.

28 Zvino varanda vamambo vakatanga kutsutsumwa, vachiti: Zvino mambo achatiuraya, sezvaakaita hama dzedu nokuti zvipfuyo zvake zvakanga zva-paradzwa nekuipa kwevarume ava. Uye vakatanga kuchema zvikuru, vachiti: Tarisai, zvipfuyo zvedu zvatopararira kare.

29 Zvino vakachema pamusana pekutya kuuruiwa. Zvino Amoni paakaona izvi mwoyo wake wakafuta maari nokufara; ndokuti, ndicharatidza simba rangu kuvaranda vamwe vangu, kana kuti simba riri mandiri, mukudzorera zvipfuyo izvi kuna mambo, kuti nditore mwoyo yeava varanda vamwe vangu kuti ndivatungamirire mukutenda mazwi angu.

30 Uye zvino, idzi ndidzo dzaive pfungwa dzaAmoni, paakaona kurwadziwa kweavo vaaiti ihama dzake.

31 Uye zvakaikwa kuti akavafadzwa nemazwi ake, achiti: Hama dzangu, farai uye ngatiende tinotsvaka zvipfuyo, uye tichazviunganidza pamwechete uye tigozvionza panzvimbo yemvura, nokudaro tichachengetedza zvipfuyo zvamambo uye haazotiuraya.

32 Uye zvakaikwa kuti vakae-nda kunotsvaka zvipfuyo, uye vakatevera Amoni, uye vakamhanya zvikuru uye vakadimbudzira zvipfuyo zvamambo, uye vakazviunganidza pamwechete zvakare vakaenda nazvo panzvimbo yemvura.

33 Uye varume vaye vakamirira kuti vaparadze zvakare zvipfuyo zvavo; asi Amoni akati kuhama dzake: Komberedzai zvipfuyo kuti zvisatize, uye ini ndiende ndinotaura nevanhu ava vari kuparadza zvipfuyo zvedu.

34 Naizvozvo, vakaita sezvakanga vanzi vaite naAmoni, uye iye akaenda kunotaura ne-avo vakanga vamire kumvura yeSebhushi; uye vakanga vasiri vashoma kwete.

35 Naizvozvo havana kutya Amoni, nokuti vaifunga kuti mumwechete wevanhu vavo aigona kumuuraya zvichivafadza, nokuti havana kunge vachiziva kuti Ishe vakanga vavimbisa Mosaya kuti “vachabvisa vana-komana vake mumaoko avo; hapana kana chavaiziva nezva-Ishe; naizvozvo vaifara nokuparadza hama dzavo, uye ndizvo zvaiita kuti vimirire kuparadza zvipfuyo zvamambo.

36 Asi “Amoni akamira akatanga kuvatema nematombo nechinziriri chake; hongu, nesimba rinotyisa akakanda matombo mukati mavo nechinziriri; uye naizvozvo akauraya ^bvakati kuti zvekuti vakatanga kushamiswa nesimba rake; zvakadaro vakamushatirirwa nokuti akanga auraya hama dzavo, uye vakashingirira kuti atopunzikawo; saka, vaona kuti havana “kukwanisa kumutema nematombo avo, vakauya netsvimbo kuzomuuraya.

37 Asi tarisai, wose munhu

aisimudza tsvimbo kuti arove Amoni, aibva adimbura maoko avo nemunondo; nokuti akamira achidziva tsvimbo dzavo nekudimbura maoko avo neku-muromo kwemunondo wake, zvekuti vakatanga kushamiswa, vakatanga kutiza; hongu, uye vakanga vasiri vashoma; uye akaita kuti vatize nesimba ruoko rwake.

38 Zvino vatanhatu vavo vakanga vauraiwa nechinziriri, asi nemunondo hakuna waakauraya kunze kwemutungamiri wavo; uye akadimbura maoko evose vakaasimudza vachida kumurova, uye vakanga vasiri vashoma.

39 Uye avatinhira kure, akadzoka uye vakanwisa zvipfuyo zvavo uye vakadzokera kumafuro amambo, uye ndokubva vaenda kuna mambo, vakatakuramaoko akanga adimburwa nemunondo waAmoni, evavo vakanga vachida kumuuraya; uye akaendwa nawo kuna mambo seuchapupu hwezvinhu zvavakanga vaita.

CHITSAUKO 18

Mambo Ramonai anofunga kuti Amoni ndiye Mweya Mukuru—Amoni anodzidzisa mambo nezve-Kusikwa, zvekuita kwaMwari nevanhu, norununuro rwunouya nemunaKristu—Ramonai anote-nda achibva awira pasi seafa. Zvingangove makore 90 Kristu asati azvarwa.

35a Mosaya 28:7;
Aruma 19:22–23.

36a Eta 12:15.
b Aruma 18:16.

c Aruma 18:3.

UYE zvakaitika kuti mambo Ramonai akaita kuti varanda vake vasimuke uye vapupure zvose zvavakanga vaona mae-rerano nenyaya yacho.

2 Uye vose vapedza kupupura pamusoro pezvinhu zvavakanga vaona, uye mambo akanga anzwa nekuvimbika kwaAmoni mukuchengetedza zvipfuyo zvake, nezvesimbawo rake guru mukurwisana neavo vaida kumuuraya, akashamiswa zvikuru, uye akati: Chokwadi, izvi hazviitwe nemunhu ega. Tarisai, uyu haaziye Mweya Mukuru here anotumira kuranga kukuru kuvanhu vano, pamusoro pekuponda kwavo?

3 Uye vakapindura mambo, uye vakati: Kana ari Mweya Mukuru kana munhu, hatizvizi-ve; asi zvatinoziva ndezvizvi, kuti “haakwanise kuuraiwa nevavengi vamambo: Kana kuparadza zvipfuyo zvamambo kana ainesu, nenzira yeunyanzvi nesimba rake guru; naizvozvo, tinoziva kuti ishamwari yamambo. Uye zvino, imi mambo, hatibvume kuti munhu angaite simba guru kudaro, nokuti tinoziva kuti haagone kuuraiwa.

4 Uye zvino, mambo anzwa mazwi aya, akati kwavari: Zvino ndinoziva kuti uyu Mweya Mukuru; uye auya panguva ino kuti azoponesa upenyu hwenyu, kuti “ndisakuurayi sezvanda-kaita hama dzenyu. Zvino uyu ndiwo Mweya Mukuru wakataurwa nemadzibaba edu.

5 Zvino izvi ndiyo yaive tsika yaRamonai, yaakanga atambira kubva kuna baba vake, kuti kune Mweya “Mukuru. Zvisinei kuti vaitenda muMweya Mukuru kana kuti kwete, vaifunga kuti zvose zvavaiita zvakanga zvakana; zvakadaro, Ramonai akatanga kutya zvikuru, akave nekutya achiti zvimwe akanga atadza mukuuraya varanda vake.

6 Nokuti akanga auraya vazhinji vavo nokuti hama dzavo dzainge dzatandanisa zvipfuyo zvavo panzvimbo yemvura; uye saka, nokuti zvipfuyo zvavo zvaparadzirwa vaiuraiwa.

7 Zvino kwaive kuita kwema-Ramani aya kumira pamvura dzeSebhusi vachitandanisa zvipfuyo zvevanhu, kuti vagotinha zvizhinji zvainge zvapararira voenda nazvo kunyika kwavo, iri yakange iri tsika yekuparadza mukati mavo.

8 Uye zvakaitika kuti mambo Ramonai akabvunza varanda vake, achiti: Ari kupi murume uyu ane simba guru kudai?

9 Uye vakati kwaari: Tarisai, ari kupa mabhiza enyu zvekudya. Zvino mambo akanga ataurira varanda vake, vasati vaenda kunonwisa zvipfuyo zvavo, kuti vagadzirire mabhiza ake nengorovhani, uye vagomuenesa kunyika yaNifai; nokuti kwakange kuine mabiko makuru aiiwa munyika yaNifai, nababa vaRamonai, akange ari mambo wenyika yose.

10 Zvino mambo Ramonai zvaakanzwa kuti Amoni ari kugadzira mabhiza nengorovhani dzake akashamiswa zvakare, pamusoro pekuvimbika kwaAmoni, achiti: Chokwadi hakuna kumboita muranda pakati pevaranda vangu vose akavimbika semurume uyu; nokuti kana iye anoyeuka mirairo yangu yose achiita.

11 Zvino chokwadi ndave kuziva kuti uyu ndiwo Mweya Mukuru, uye ndingade kuti auye kwandiri, asi ndinotyia.

12 Uye zvakaitika kuti Amoni apedza kugadzira mabhiza nengorovhani kuitira mambo nevaranda vake, akaenda kuna mambo, uye akaona kuti uso hwamambo hwakanga hwapinduka; saka akanga oda kudzokera kunze.

13 Uye mumwe wevaranda vamambo akati kwaari, Rabhana, zvinoreva kuti, zvichitikirwa ane simba kana kuti mambo mukuru, vari vanotora madzimambo avo kuti ane simba; uye saka akati kwaari: Rabhana, mambo anoda kuti mugare.

14 Naizvozvo Amoni akatendeukira kuna mambo, akati kwaari: Munoda kuti ndikuitirei, imi mambo? Uye mambo haana kumupindura kwenguva inokwana awa, maererano nenguva yavo, nokuti haana kuziva kuti omutaurira kutii.

15 Uye zvakaitika kuti Amoni akati kwaari zvakare: Munodei

kwandiri? Asi mambo haana kumupindura.

16 Uye zvakaitika kuti Amoni, azadzwa neMweya waMwari, naizvozvo akaona “pfungwa dzamambo. Uye akati kwaari: Kunzwa kwamaita here kuti ndadzivirira varanda venyu nezvipfuyo zvenyu, uye ndikauraya vanomwe vehama dzavo nechinziriri nemunondo, uye ndikadimura maoko evamwe, kuti ndidzivirire varanda venyu nezvipfuyo zvenyu; tarisai, ndizvo izvi here zviri kukonzera kushamiswa kwenyu?

17 Ndinoti kwamuri, chii, chaita kuti kushamiswa kwenyu kuve kukuru zvakadaro? Tarisai, ndiri munhu, uye ndiri muranda wenyu; saka, chose chamunoda chiri chakanaka, ndinochiita.

18 Zvino mambo anzwa mazwi aya, akashamiswa zvakare, nokuti akaona kuti Amoni “aiziva pfungwa dzake; asi zvakadaro, mambo Ramonai akazurura muromo wake, uye akati kwaari: Ndiwe ani? Ndiwe Mweya Mukuru uya here, ^bunoziva zvose zvinhu?

19 Amoni akapindura akati kwaari: Handisi.

20 Uye mambo akati: Ko unoziva sei pfungwa dzemwoyo wangu? Nditaurire usingatye, unditaurire nezvezvinhu izvi; uye unditaurirewo kuti isimba raani raita kuti uuraye nokudimbura maoko ehama dzangu dzange dzichiparadza zvipfuyo zvangu—

21 Uye zvino, kana ukandiudza

nezvezvinhu izvi, chose chاونoda ndichakupa; uye kana zvichida, ndinokurinda nemauto angu; asi ndinoziva kuti uye simba kupfuura vose, zvakadaro, chose chaunoda ndinokupa.

22 Zvino Amoni semunhu ane ungaru, asi asingakuvadze, akati kuna Ramonai: Munganzwe here mazwi angu, kana ndikakutaurirai kuti ndinoita nesimba raani zvinhu izvi? Uye ichi ndichochinhu chandinoda kwamuri.

23 Uye mambo akamupindura, uye akati: Hongu, ndichatenda ose mazwi ako. Uye nokudaro akabatwa nokunyengedzwa.

24 Uye Amoni akatanga kutaura kwaari “nokushinga, uye akati kwaari: Unotenda here kuti kuna Mwari?”

25 Uye akapindura, akati kwaari: Handizive kuti zvinorevei.

26 Uye zvino Amoni akati: Unotenda here kuti kune Mweya Mukuru?

27 Uye akati, Hongu.

28 Uye Amoni akati: Ndivo Mwari. Uye Amoni akati kwaari zvakare: Unotenda here kuti iwo Mweya Mukuru uyu, unove Mwari, ndiwo wakasika zvose zvinhu zvirira kudenga nezvirira munyika?

29 Uye akati: Hongu, ndinotenda kuti akasika zvose zvinhu zvirira pasi; asi handizive mateanga.

30 Uye Amoni akati kwaari:

Matenga ndiyo nzvimbo inogara Mwari nengirozi dzavo dzose tsvene.

31 Uye mambo Ramonai akati: Kuri pamusoro penyika here?

32 Uye Amoni akati: Hongu, uye anotarisa pasi pavana vevanhu vose; uye anoziva “pfungwa dzose nezvinoda kuitwa nemwoyo; nokuti neruoko rwake zvose zvakasikwa kubvira pakutanga.

33 Uye mambo Ramonai akati: Ndinotenda zvose zvinhu izvi zvawataura. Wakatumirwa naMwari here?

34 Amoni akati kwaari: Ndiri munhu; uye “munhu pakutanga akasikwa nemufananidzo waMwari, uye ndakadaidzwa neMweya Mutsvene wavo kuti ^bndizodzidzisa zvinhu izvi kuvanhu ava, kuti vapiwe ruzivo rwekuziva chinhu chakanaka nechechokwadi;

35 Uye chidimbu “cheMweya iwoyo chiri mandiri, chinondipa ^bruzivo, nesimbawo maererano nerutendo rwangu nezvido zvangu zvirira muna Mwari.

36 Zvino Amoni ataura mazwi aya, akatanga nekusikwa kwenyika, nokusikwawo kwaAdama, uye ndokumutaurirawo nezvezvinhu zvose zvekupunzika kwemunhu, uye “akanyatso tsanangura uye ndokududzira zvinyorwa ^bnemagwaro matsvene evanhu, akanga akataurwa ^cnemaporofita, kana kusvika

24a Aruma 38:12.

32a Amosi 4:13; 3 Ni. 28:6; D&Z 6:16.

34a Mosaya 7:27; Eta 3:13–16.

^b NKM Dzidzisa—Kudzidzisa neMweya.

35a NKM Kutunhwa. ^b NKM Ruzivo.

36a Mosaya 1:4; Aruma 22:12; 37:9.

^b NKM Magwaro matsvene.

^c Mabasa 3:18–21.

panguva yakabva baba vavo, Rihai, kuJerusarema.

37 Uye akadzokororawo kwavari (nokuti zvakange zvave kuti iye mambo nevaranda vake) nzendo dzose dzemadzi-baba avo murenje, uye nokutambudzika kwavo kwose nezvara nenyota, nokurwadziwa, nezvimwe zvakadaro.

38 Uye akavataurirawo nezvekupanduka kwaRamani naRemueri, nevanakomana vaIshmaeri, hongu, kwose kupanduka kwavo akavataurira; uye akadudzira kuna vose zvinyorwa nemagwaro ose kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema kusvika panguva ino.

39 Asi izvi hazvizizvo zvose; nokuti akatsanangura kwavari “urongwa hwerununuro, hwa-kagadzirwa kubvira pakutanga kwenyika; uye akavazivisawo maererano nekuuya kwaKristu, nemabasa ose alshe vakaazivisa kwavari.

40 Uye zvakaitika kuti ataura zvose zvinhu izvi, nokuzvitsanangura kuna mambo, mambo akatenda mazwi ake ose.

41 Uye akatanga kuchema kuna Ishe, achiti: Imi Ishe, ivai netsitsi; maererano “netsitsi dzenyu dzakawanda dzamakaitira vanhu vaNifai, itai kwandiri, nevanhu vangu.

42 Uye zvino, zvaakanga ataura izvi, akawira pasi, sekunge afa.

43 Uye zvakaitika kuti varanda vake vakamutakura vakaenda naye kumukadzi wake, uye vakamurinza pamubhedha; uye

akarara sekunge akafa kwemazuva maviri neusiku huviri; uye mudzimai wake, nevanakomana vake, nevanasikana vake vakamuchema, setsika yema-Ramani, vachichema zvikuru kurasikirwa kwavo.

CHITSAUKO 19

Ramonai anotambira chiedza che-upenyu husingaperi uye achiona Mununuri—Imba yake inoita seyasvikirwa, vazhinji vanoona ngirozi—Amoni anopunyutswa zvinoshamisa—Anobhabhatidza vazhinji achibva aita chechi mukati mavo. Zvingangove makore 90 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mushure memazuva maviri neusiku uviri vakanga vave kuda kutora chitunha chake kuti vanochiisa muguva, ravakanga vaitira kuviga vakafa vavo.

2 Zvino mambokadzi anzwa mbiri yaAmoni, naizvozvo akamutumira kuti anoda kuti apinde maakanga ari.

3 Uye zvakaitika kuti Amoni akaita zvaakanga anzi aite, akapinda maive namambokadzi, akada kuziva kuti angade kuti amuitirei.

4 Uye akati kwaari: Varanda vemurume wangu vanditaurira kuti iwe uri “muporofita wa-Mwari mutsvene, uye vakati une simba rekuita zvinhu zvizhinji zvikuru muzita ravo;

5 Naizvozvo, kana izvi zviri izvo, ndinoda kuti upinde

unoona murume wangu, noku-
ti arara pamubheda kwemazu-
va maviri neusiku huviri; uye
vamwe varikuti haana kufa, asi
vamwe vari kuti akafa uye ave
kunhuwa, nekuti akafanira ku-
iswa muguva; asi ini, kwandiri
haazikunhuwa.

6 Zvino, izvi ndizvo zvaidiwa
naAmoni, nokuti aiziva kuti
mambo Ramonai akange ari
pasi pesimba raMwari; aiziva
kuti ^achidzikatidzo chitema che-
kusatenda chakange chawe ku-
bviswa mupfungwa make, uye
^bchiedza chaivhenekera mu-
pfungwa make, chaive chiedza
chembiri yaMwari, chaive chi-
edza chinoshamisa chekunaka
kwavo—hongu, chiedza ichi
chakanga chaisa mufaro muku-
ru mumweya wake, gore rerima
rabviswa, uye chiedza cheupe-
nyu husingaperi chabatidzwa
mumweya wake, hongu, akazi-
va kuti nyama yake yakange ya-
kundwa, uye akanga atakurwa
aendeswa muna Mwari—

7 Naizvozvo, zvaidiwa nama-
mbokadzi ndicho chaive chido
chake choga. Naizvozvo, aka-
pinda kunoona mambo maere-
rano nechido chamambokadzi;
uye akaona mambo, uye akaziva
kuti haana kufa.

8 Uye akati kuna mamboka-
dzi: Haana kufa, asi akarara
muna Mwari, uye mangwana
achamuka zvakare; naizvozvo
musamuvige.

9 Uye Amoni akati kwaari:
Unotenda here izvi? Uye akati
kwaari: Handina humwe ucha-
pupu kunze kwezwi rako, nezwi
revaranda vedu; zvakadaro
ndinotenda kuti zvichaita ma-
erano nezvawataura.

10 Uye Amoni akati kwaari:
Wakaropafadzwa pamusana pe-
rutendo rwako rwukuru; ndinoti
kwaari, mai, hakuna kumbove
“nerutendo rwukuru rwakadai
muvanhu vose vaNifai.

11 Uye zvakaitika kuti akaga-
ririra pamubhedha wemurume
wake, kubvira panguva iyoyo
kana kudakara kusvika nguva
yamangwana acho yakanga ya-
taurwa naAmoni kuti achamu-
ka nayo.

12 Uye zvakaitika kuti akamu-
ka, maererano nemazwi aAmoni;
uye zvaaimuka, akatambanu-
dzira ruoko rwake kumudzi-
mai, uye akati: Rakaropafadzwa
zita raMwari, uye iwe wakaropafadzwa.

13 Sekuve mupenyu kwaari,
tarisai, ndaona Mununuri; uye
achauya, ^aozvarwa ^bnemukadzi,
uye achanunura rwose rwudzi
rwevanhu rwunotenda muzita
rake. Zvino, ataura mazwi aya,
mwoyo wake wakafuta maari,
uye akaserera pakare norufaro;
uye namambokadzi akaserera-
wo, akundwa neMweya.

14 Zvino Amoni achiona
Mweya walshe uchidirwa ku-
daro maererano “neminamoto

6a II VaKori. 4:3–4.
NKM Chidzitiro.
b NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
10a Ruka 7:9.

NKM Rutendo.
13a NKM Jesu Kristu—
Zviporofita
nezvekuzvarwa uye
nerufu rwaJesu

Kristu.
b 1 Ni. 11:13–21.
14a D&Z 42:14.

yake pamaRamani, hama dzake, vakanga vachikonzera kuchema kwakawanda muvanhu vaNifai, kana muvanhu vose vaMwari nenzira yekuipa kwavo ^bnetsika dzavo, akawira pamabvi ake, uye akatanga kudira mweya wake mumunamato nokutenda kuna Mwari nezvavakanga vaitira hama dzake; naiyewo akanga akundwa ^cnerufaro; saka vose vari vatatu vakanga ^dvarara pasi.

15 Zvino, varanda vamambo pavakaona kuti vawira pasi, naivowo vakatanga kuchema kuna Mwari, nokuti kutya Ishe kwakange kwavabatawo, nokuti ^andivo vakanga vamira pamberi pamambo vachipupura kwaari nezvesimba guru raAmoni.

16 Uye zvakaitika kuti vakadaidza zita ralshe, nesimba ravo, kusvika vose vawira pasi, kunze kwemukadzi mumwechete wechiRamani, zita rake ainzi Abhishi, iye ari munhu akange atendeukira kuna Ishe kwemakore mazhinji, pamusana penyaya inoshamisa yechiratidzo chababa vake—

17 Saka, sezvo akanga atendeuka kuna Ishe, asi asina kunge akazvizivisa, naizvozvo, paakawana kuti vose varanda vaRamonai vakanga vawira pasi, uye namambokadzi wake, namambo, naAmoni vakanga vazvambaradzwa pasi, akaziva kuti isimba raMwari; uye akafunga kuti mukana uyu, ndewekuti vanhu

vaziviswe zvakanga zvaitika mukati mavo, kuti mukuona izvi ^azvingavakonzere kuti vate nde musimba raMwari, naizvozvo akamhanya achiti apinda umu, apinda umu, achizvizivisa kvanhu.

18 Uye vakatanga kuungana pamwechete pamba pamambo. Uye pakauya mhomho, uye vakashamiswa zvikuru, kuona mambo, namambokadzi, nevaranda vavo vakazvambarara pasi, uye vose varere sevakafa; uye vakaonawo Amoni, uye vakaona kuti muNifai.

19 Uye zvino vanhu vakatanga kuzevezana; vamwe vachiti vavingwa nechinhu chakaipa zvikuru, kana kuti chauya pana mambo nemba yake, pamusana pekuti akabvumira maNifai kuti ^avarambe vari munyika.

20 Asi vamwe vakavatsiura, vachiti: Mambo akaunza ngozi iyi mumba make, nenzira yokuti akauraya varanda vake vakange vaparadzirwa zvipfuyo zvavo ^apamvura dzeSebhusi.

21 Uye vakatsiurwawo nevarume vaye vakanga vamire pamvura dzeSebhusi uye ^avachitandanisa zvipfuyo zvaive zviri zvamambo, nokuti vakanga vakashatirirwa Amoni nenzira yehama dzavo dzaakanga auraya pamvura dzeSebhusi, achidzvirira zvipfuyo zvamambo.

22 Zvino, mumwe wavo, akange aine mukoma wake akanga ^aauraiwa nemunondo waAmoni,

14b Mosaya 1:5.
c NKM Rufaro.
d Aruma 27:17.

15a Aruma 18:1–2.
17a Mosaya 27:14.
19a Aruma 17:22–23.

20a Aruma 17:26; 18:7.
21a Aruma 17:27; 18:3.
22a Aruma 17:38.

ashatiriswa zvikuru naAmoni, akatora munondo wake uye ndokuenda kuti anoita kuti munondo wake udonhere pana Amoni, amuuraye; uye kusimudza kwaakaita munondo wake kuti amubaye, tarisai, akapuzika akabva afa.

23 Zvino tinoona kuti Amoni akanga asingauraike, nokuti “Ishe vakanga vati kuna Mosaya, baba vake: Ndichamuponesa, uye zvichave kwaari maererano norutendo rwako — naizvozvo Mosaya akamuisa ^bmuruvimbo rwaIshe.

24 Uye zvakaitika kuti mhomo yevanhu payakaona kuti murume uyu apuzika akafa, uyo akange asimudza munondo kuti auraye Amoni, vakabatwa nekutya vose, vakasada kuisa maoko avo kuti vamubate kana avo vakanga vapuzika; uye vakatanga kushamisika zvakare kuti simba guru rose iri riri kukonzerwa nei, kana kuti zvose izvi zvinorevei.

25 Uye zvakaitika kuti kwakanga kuine vazhinji mukati mavo vaiti Amoni ndiye Mweya Mukuru, vamwe vachiti akatumwa neMweya “Mukuru;

26 Asi vamwe vakavatsiura vose, vachiti raive zimhuka, rakatumirwa nemaNifai kuzovonesa nhamo.

27 Uye kwaive nevamwe vaiti Amoni akanga atumirwa neMweya Mukuru kuti azovatambudza pamusoro pezvitadzo zvavo, uye vakati Mweya

Mukuru uyu ndiwo wange uchibatsira maNifai nguva dzose, waigara uchivabvisa mumaoko avo; uye vakati ndiwo Mweya Mukuru uyu wakaparadza vazhinji vehama dzavo, maRamani.

28 Uye saka kupesana kwakatanga kukura pakati pavo. Uye vachinetsana kudarwo, “murandakadzi akanga aita kuti mhomo iungane akauya, uye paakaona mhomo yave kunetsana, akasurwa zvikuru, akachema misodzi.

29 Uye zvakaitika kuti akaenda akanobata ruoko rwamambokadzi, kuti zvimwe amusimudze kubva pasi; uye paakangobata ruoko rwake akasimuka akabva amira nemakumbo ake, uye akachema nezwi guru, achiti: Iwe wakaropafadzwa Jesu, wandiponesa kubva mugehena “rakai-pisisa! Imi Mwari makaropafadzwa, itirai vanhu ava ^btsitsi!

30 Uye ataura zvinhu izvi, akabatanidza maoko ake, azadzwa norufaro, achitaura mazwi mazhinji akanga asinganzwisisike; uye aita izvi, akatora mambo, Ramonai, neruoko, uye tarisai akasimuka uye akamira netsoka dzake.

31 Uye iye, pakarepo, achiona kunetsana mukati mevanhu vake, akaenda kwavari akatanga kuvatsiura, nokuvadzidzisa “mazwi aakanga anzwa nemurromo waAmoni; uye vose vakanzwa mazwi ake vakatenda, uye vakapindikira kuna Ishe.

32 Asi kwaive nevazhinji mukati mavo vakange vasingade

23a Mosaya 28:7;
Aruma 17:35.
^b NKM Vimba.

25a Aruma 18:2–5.
28a Aruma 19:16.
29a 1 Ni. 14:3.

^b NKM Anetsitsi.
31a Aruma 18:36–39.

kunzwa mazwi ake; naizvozvo vakabva vavvapo.

33 Uye zvakaitika kuti Amoni paakasimuka naiyewo akataura kwavari, uye kana varanda vose vaRamonai vakadaro; uye vakataura vose kuvanhu chinhu chimwechetecho—kuti mwoyo yavo yakanga “yapindurwa; kuti havasisina chido chekuita ^bzvakaipa.

34 Uye tarisai, vazhinji vakaturira vanhu kuti vaona “ngirozi uye vakataura nadzo; uye saka dzakavataurira zvinhu zvekwaMwari, uye nokururama kwake.

35 Uye zvakaitika kuti vazhinji vakatenda mazwi avo; uye vose vakatenda “vakabhabhatidzwa; uye vakave vanhu vakarurama, uye vakamisa chechi pakati pavo.

36 Uye saka basa ralshe rakatanga mukati memaRamani; Ishe vakatanga kudira Mweya wavo kwavari; uye tinoona kuti ruoko rwavo rwunotambandzirwa kuvanhu “vose vanote ndeuka uye vachitenda muzita ravo.

CHITSAUKO 20

Ishe vanotumira Amoni kuMidhoni kunoburitsa hama dzake mutirongo—Amoni naRamonai vanoona baba vaRamonai, anove ndiye mambo wenyika yose—Amoni anomanikidza mambo akwegura kuti abvumire kuti hama dzake dzisunungurwe. Zvingangove makore 90 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti zvavakanga vavaka chechi munyika iyoyo, mambo Ramonai akada kuti Amoni aende naye kunyika yaNifai, kuti anomuratidza kuna baba vake.

2 Uye izwi raIshe rakauya kuna Amoni, richiti: Usaende kunyika yaNifai, nokuti tarisai, mambo achatsvaka upenyu hwako; asi uchaenda kunyika yaMidhoni; nokuti tarisai, mukoma wako Aroni, naMurokai naAma vari mutirongo.

3 Zvino zvakaitika kuti Amoni zvaakanzwa izvi, akati kuna Ramonai: Tarisai, mukoma wangu nehama dzangu vari mutirongo kuMidhoni, uye ndinoenda kuti ndinovaburitsa.

4 Zvino Ramonai akati kuna Amoni: Ndinoziva, “musimba raIshe unogona kuita zvose zvinhu. Asi tarisai, ndichaenda newe kunyika yeMidhoni; nokuti mambo wenyika yeMidhoni, zita rake anonzi Andiomuno, ishamburi kwandiri; naizvozvo ndinoenda kunyika yeMidhoni, kuti ndinyengetedze mambo wenyika, uye agoburitsa hama dzako ^bmutirongo. Zvino Ramonai akati kwaari: Ndiani akutaurira kuti hama dzako dziri mutirongo?

5 Uye Amoni akati kwaari: Hakuna anditaurira, kunze kwaMwari; uye ati kwandiri—Enda unoyamura hama dzako, nokuti vari mutirongo munyika yeMidhoni.

33a NKM Kuberekwa naMwari,
Kuberekwa Patsva.
^b Mosaya 5:2;

Aruma 13:12.
34a NKM Ngirozi.
35a NKM Bhabhatidza.
36a 2 Ni. 26:33;

Aruma 5:33.
20 4a Aruma 26:12.
^b Aruma 20:28–30.

6 Zvino Ramonai zvaakanzwa izvi akaita kuti varanda vake vagadzire “mabhiza ake nengo-rovhani dzake.

7 Uye akati kuna Amoni: Uya, ndichaenda newe kunyika ya-Midhoni, uye ikoko ndichache-mera mambo kuti aburitse hama dzako mutirongo.

8 Uye zvakaitika kuti Amoni naRamonai vari parwendo kudaro, vakasangana nababa va-Ramonai, vaive mambo “pamu-soro penyika yose.

9 Uye tarisai, baba vaRamonai vakati kwaari: Sei usina kuuya “kumabiko musu wezuva guru randakaitira mabiko vanakomana vangu, nevanhu vangu?

10 Uye akatiwo: Ko uri kuenda kupi nemuNifai uyu, ari mumwe wevana “vemurevi wenhema?

11 Uye zvakaitika kuti Ramonai akamutaurira kwaakanga achienda, nokuti aitya kumugumbura.

12 Uye akamutaurirawo zvose zvakaita kuti agare munyika yemambo hwake, asina kuenda kuna baba vake kumabiko avakanga vagadzira.

13 Uye zvino Ramonai zvaakanga apedza kumutaurira zvose zvinhu izvi, tarisai, akashamiswa; baba vake vakamushatirirwa, vakati: Ramonai, uri kuenda kunosunungura maNifai aya, vana vemurevi wenhema. Tarisai, akapamba madzibaba edu; uye zvino vana vake vauyawo matiri kuti, nokuchenjera kwavo nokunyepa kwavo, votinyengedza,

kuti vagotipamba zvakare zvinhu zvedu.

14 Zvino baba vaRamonai vakamutaurira kuti abaye Amoni nemunondo. Uye akamutaurirawo kuti asaende kunyika ye-Midhoni, asi kuti adzokere naye kunyika “yaIshmaeri.

15 Asi Ramonai akati kwaari: Handizobaya Amoni, kana kudzokera kunyika yaIshmaeri, asi ndinoenda kunyika yaMidhoni kuti ndinosunungura hama dzaAmoni, nokuti ndinoziva kuti vanhu vakana-ka uye vaporofita vatsvene vaMwari wechokwadi.

16 Zvino baba vake pavakanzwa mazwi aya, vakamushatirirwa, vakaburitsa munondo wavo kuti vamubaye nawo awire pasi.

17 Asi Amoni akamira akati kwaari: Tarisai, hauzouraya mwanakomana wako; zvisinei, zviru “nani kuti iye apunzike panewe, nokuti tarisai, ^bakate-ndeuka kubva muzvitema zvake; asi iwe ukafa panguva ino, mukushatirwa kwako, hauzoponeswa.

18 Uye zvakare, zvakafanira kuti usadaro; nokuti “ukabaya mwanakomana wako, iye ari munhu asina mhosva, ropa rake rinochemera kubva pasi kuna Ishe Mwari vake, kuti utsiviwe; uye zvimwe ungarasikirwe ^bnemweya wako.

19 Zvino Amoni ataura mazwi aya kwaari, akamupindura, achiti: Ndinoziva kuti

6a Aruma 18:9-10.

8a Aruma 22:1.

9a Aruma 18:9.

10a Mosaya 10:12-17.

14a Aruma 17:19.

17a Aruma 48:23.

^b Aruma 19:12-13.

18a NKM Kuponda.

^b D&Z 42:18.

ndikauraya mwanakomana wangu, ndadeura ropa risina mhosva, nokuti ndiwe watsvaka kumuparadza.

20 Uye akatambanudza ruoko rwake kuti abaye Amoni. Asi Amoni akadziva, uye akamurova ruoko rwake kuti atadze kurwushandisa.

21 Zvino mambo zvaakaona kuti Amoni angangomuraya, akatanga kukumbira Amoni kuti asamubaye.

22 Asi Amoni akasimudza munondo wake akati kwaari: Tarisai, ndinokubaya kunze kwekunge wabvuma kuti hama dzangu dziburitswe mutirongo.

23 Zvino mambo, achitya kuti angangorasikirwa neupenyu hwake, akati: Kana ukasanduiraya ndichabvuma chose chauri, kana kukupa chikamu chepakati cheumambo hwangu.

24 Zvino Amoni zvaakaona kuti atunha mambo akwegura kuita maererano nezvaaida, akati kwaari: Kana ukabvuma kuti hama dzangu dziburitswe mutirongo, nokutiwo Ramonai arambe aine umambo hwake, nokuti iwe usamushatirirwe, asi ubvume kuti aite zviri maererano nezvaanenge achida mune "chero-chose chinhu chaanofunga, kana wadaro ndinokuregerera; kana zvisirizvo ndinokuwisira pasi.

25 Zvino Amoni zvaakanga ataura mazwi aya, mambo akatanga kufara pamusana peupe nyu hwake.

26 Uye zvaakaona kuti Amoni

akanga asingade kumuparadza, nezvaakaonawo kuti anoda mwanakomana wake Ramonai zvikuru, akamushamisa zvikuru, uye akati: Pamusana pekuti izvi ndizvo chete zvawada, kuti ndisunungure hama dzako, nokubvumira mwanakomana wangu Ramonai kuti arambe ari muumambo hwake, tarisai, ndinobvuma kwaari kuti mwanakomana wangu arambe ari muumambo hwake kubvira zvino kudakara nariini, uye ini handichazomutongazve—

27 Uye ndichabvumawo kwauri kuti hama dzako dziburitswe mutirongo, uye iwe nehama dzako munokwanisa kuuya kwandiri, muumambo hwangu, nokuti ndichadisa chaizvo kukuonai. Nokuti mambo akashamiswa zvikuru nemazwi aakanga ataura, nemazwiwo akanga ataurwa nemwanakomana wake Ramonai, saka "akada kuadzidza.

28 Uye zvakaitika kuti Amoni naRamonai vakasimudzira nerwendo rwavo vachienda ku-Midhoni. Uye Ramonai akadiwa namambo wenyika; naizvozvo hama dzaAmoni dzakaburitswa mutirongo.

29 Uye Amoni paakanosangana navo akasuwa zvikuru, nokuti vakanga vari musvo, uye makanda avo akanga akasvuuka-svuuka pamusana pekusungwa kwavo netambo dzakasimba. Uye vakanga vanzwa nenzara, nyota, nekurwadziwa kwaka-

siyana-siyana; asi zvakadaro vakanga “vakatirira mukuta-mbudzika kwavo kwose.

30 Uye sekuitika kwazvo, vakanga vaine rombo rakaipa rekuwira mumaoko evanhu vakaoma uye vakaoma mutsipa; naizvozvo havana kuteerera mazwi avo, uye vakavatandira kunze, uye vakavarova, uye vakavatandanisa mumba nemumba, nzvimbo nenzvimbo, kudakara vasvika munyika ya-Midhoni; ikoko ndokubva vatorwa ndokukandwa mutirongo, uye vakasungwa netambo “dzakasimba, vakachengetwa mutirongo kwemazuva akawanda, uye vakaponeswa naAmoni naRamonai.

Nhoroondo yekuparidza kwa-Aroni, naMurokai, nehama dzavo, kumaRamani.

*Zvichisanganisa zvitsauko
21 kusvika ku26.*

CHITSAUKO 21

Aroni anodzidzisa maAmarekai nezvaKristu nezverudzikinuro rwake —Aroni nehama dzake vanoiswa mutirongo kuMidhoni—Mushure mekusunungurwa kwavo, vandozidzisa mumasinagogo uye vachidzora vazhinji—Ramonai anopa vanhu vemunyika yaIshmaeri rusununguko rwekunamata. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

ZVINO Amoni nehama dzake pavakanga “vaparadzana kumiganhu kwenyika yemaRamani, tarisai Aroni akatora rwendo rwake akananga kunyika yaidaidzwa nemaRamani, kuti Jerusarema, vachiidaidza sekurangerira nyika yechizvarwa chemadzibaba avo; uye yakanga iri uko kwakabatana nenyika yaMormoni.

2 Zvino maRamani nema-Amarekai nevanhu “vaAmuroni vakanga vavaka guta guru raidaidzwa kunzi Jerusarema.

3 Zvino maRamani pachavo vakanga vakaoma zvakakwana, asi maAmarekai nemaAmuroni vakanga vakaoma kupfuura ipapo; naizvozvo vakakonzera maRamani kuti vaomose mwoyo yavo, kuti vakure mukusimba muhuipi noruvengo rwavo.

4 Uye zvakaitika kuti Aroni akauya kuguta reJerusarema, uye akatanga nekuparidza kumaAmarekai. Uye akatanga kuvaparidzira mumasinagogo avo, nokuti vakanga vavaka masinagogo “senehungwa remaNehoi; nokuti vazhinji vemaAmarekai nemaAmuroni vakanga vari ve-gungano remaNehoi.

5 Naizvozvo, Aroni achipinda mune imwe yemasinagogo avo kuti aparidzire vanhu, uye ari mukutaura kudaro, tarisai kwakasimuka muAmarekai uye ndokutanga kunetsana naye, achiti: Chii chauri kupupura? Wakaona “ngirozi here? Ko idzo

29a Aruma 17:11.

30a Aruma 26:29.

21 1a Aruma 17:13, 17.

2a Mosaya 24:1;

Aruma 25:4–9.

4a Aruma 1:2–15.

5a Mosaya 27:11–15.

ngirozi dzinodii kuzviratidza kwatiri? Tarisai vanhu ava havana kuita zvakaitha vanhu vekwenyu here?

6 Wataurawo kuti, kana tikasatendeuka tichafa. Unoziva sei pfungwa dzedu nezvinofunga mwoyo yedu? Unoziva sei kuti takafanira kutendeuka? Unoziva sei kuti hatizi vanhu vakarurama? Tarisai, takavaka nzvimbo dzekusanganirana, uye tinoungana pamwechete kuti tinamate Mwari. Tinodaira kuti Mwari vachaponesa vose vanhu.

7 Zvino Aroni akati kwaari: Unotenda here kuti Mwanakomana waMwari achauya kuzonunura vanhu muzvitema zvavo?

8 Uye murume uyu akati kwaari: Hatidaira kuti iwe une chaunoziva nezvezvinhu izvi. Hatitende mutwutsika utwu tweurema. Hatitende kuti iwe unoziva "nezvezvinhu zvichauya, hatitendewo kuti madzibaba ako nemadzibaba eduwo aiziva zvaaitaura, maererano nenyaya yezvinhu zvichauya.

9 Zvino Aroni akatanga kuvahurira magwaro matsvene ari maererano nokuuya kwaKristu, neemaererano nokumuka kuvakafa, nekuti "hakuna rununuro rwevanhu kunze kwekuti kuuye nerufu nekutambudzika kwaKristu, ^bnorudzikinuro rweropa rake.

10 Uye zvakaitha kuti paakatanga kutsanangura mazwi aya kwavari vakamushatirirwa, vakatanga kumuseka; uye vaka-

ramba kunzwa mazwi aakanga achitaura.

11 Naizvozvo, paakaona kuti havasi kuda kunzwa mazwi ake, akabva pasinagogo yavo, akauya kune mumwe musha wainzi Ani-Andi, kwaakasvikowana Murokai achivaparidzira shoko; ezvowo naAma nehama dzake. Uye vakanetsana nevazhinji pamusoro peshoko.

12 Uye zvakaitha kuti vakaoona kuti vanhu vakanga vave kuomesa mwoyo yavo, naizvozvo vakabva vabva vakauya munyika yeMidhoni. Uye vakaparidza shoko kuvazhinji, uye vashoma vakatenda zvakaidzidzisa.

13 Zvakadaro, Aroni nevamwe vehama dzake vakatorwa uye vakakandwa mutirongo, uye vakapunyuka vakatiza kubva munyika yeMidhoni vachienda mumatunhu akatenderedza.

14 Uye avo vakakandwa mutirongo "vakatambudzwa nezvinhu zvizhinji, uye vakasunungurwa neruoko rwaRamonai naAmoni, uye vakapiwa zvekudya nezvipfeko.

15 Uye vakaenda zvakare vakanotaura shoko, uye ndokuburitswa kekutanga kubva mutirongo; uye ndikwo kutambudzika kwavakaita.

16 Uye vakaenda kwose kwavaitungamirwa "neMweya waIshe, vachiparidza shoko raMwari mumasinagogo ose emaAmarekai, kana munzvimbo dzemaRamani dzavainge vabvumirwa kupinda.

17 Uye zvakaitika kuti Ishe vakatanga kuvaropafadza, zve-kuti vakaunza vazhinji kuruzivo rwechokwadi; hongu, “vaka-pwisa vazhinji pamusoro pe-zvitema zvavo, nepamusoro petsika dzemadzibaba avo, dza-kange dzisiri idzo.

18 Uye zvakaitika kuti Amoni naRamonai vakadzoka kubva munyika yaMidhoni vachidzokera kunyika yaIshmaeri, yakange iri nyika yenhaka yavo.

19 Uye mambo Ramonai haana kubvuma kuti Amoni amushandire, kana kuti ave muranda wake.

20 Asi akaita kuti kuvakwe masinagogo munyika yaIshmaeri; uye akaita kuti vanhu vake, kana kuti vaive pasi pake, vakafanira kuungana pamwechete.

21 Uye akafadzwa navo, uye akavadzidzisa zvinhu zvizhinji. Uye akavaudzawo kuti ivo vanhu vari pasi pake, akavati vanhu vakasununguka, nekuti vakanga vakasununguka vasisadzvinzirirwe namambo, baba vake; nokuti baba vake vakanga vamupa mvumo yekutonga vanhu vakanga vari munyika yaIshmaeri, nemunyika yose yakatenderedza.

22 Uye akavaudzawo kuti “vakasununguka kunamata Ishe Mwari vavo maererano nezvido zvavo, munzvimbo ipi zvayo yavanenge vari, kana muri munyika iri pasi pamambo Ramonai.

23 Uye Amoni akaparidzira

vanhu vamambo Ramonai; uye zvakaitika kuti akavadzidzisa zvinhu zvose zviri maererano nokururama. Uye aivakurudzira zuva nezuva, nesimba rose; uye vakateerera shoko rake, uye vakada zvikuru kuchengetedza mirairo yaMwari.

CHITSAUKO 22

Aroni anodzidzisa baba vaRamonai nezveKusikwa, kupunzika kwa-Adama, neurongwa hwerununuro muna Kristu—Mambo nemba yake yose vanopinduka—Kugovaniswa kwakaitwa nyika pakati pe-maNifai nemaRamani kunotsanangurwa. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

ZVINO, sekudzidzisa kwakanga kuchiita Amoni vanhu vaRamonai nguva dzose, tichadzokera kunyaya yaAroni nehama dzake; nokuti mushure mekubva kwake munyika yeMidhoni “akatungamirirwa neMweya kunyika yaNifai, kana nekumba kwamambo akanga ari munyika yose ^bkunze kwemunyika yaIshmaeri; uye aiva ndiye baba vaRamonai.

2 Uye zvakaitika kuti akaenda kwaari akapinda mumba mamambo, nehama dzake, akakotama kukudza mambo, akati kwaari: Tarisai, imi mambo, ndisu hama dzaAmoni, “vamburitsa mutirongo.

3 Uye zvino imi mambo, kana mukasatiuraya, tichave varanda

17a D&Z 18:44.

22a D&Z 134:1–4;

Mis. yeCh. 1:11.

NKM Rusununguko.

22 1a Aruma 21:16–17.

b Aruma 21:21–22.

2a Aruma 20:26.

venyu. Uye mambo akati kwavari: Simukai, nokuti ndichakupai upenyu hwenyu, uye handizobvuma kuti muve varanda vangu; asi ndinoti makafanira kundiparidzira; nokuti ndiri kunetseka mupfungwa pamusoro pemwoyochena nekukosha neukuru hwemazwi ehama yenyu Amoni; uye ndinoda kuziva kuti chikonzero chii asina kubuda nemi munyika yeMidhoni.

4 Uye Aroni akati kuna mambo: Tarisai, Mweya waIshe wamushvedzera kune imwe nzira; aenda kunyika yaIsmaeri, kuti adzidzise vanhu vaRamonai.

5 Zvino mambo akati kwavari: Chii ichi chamataura nezve Mweya waIshe? Tarisai, ndichochinhu chiri kundinetsa ichocho.

6 Uyewo, chii ichi chakaturwa naAmoni—“Kana mukatendeuka muchaponeswa, kana mukasatendeuka, mucharaswa nezuva rokupedzisira?”

7 Uye Aroni akamupindura akati kwaari: Unotenda here iwe kuti kuna Mwari? Uye mambo akati: Ndinoziva kuti maAmarekai anoti kuna Mwari, uye ini ndakavabvumira kuti vavake nzvimbo, kuti vaungane pamwechete kuti vamunamate. Uye zvino kana iwe uchiti kuna Mwari, tarisai “ndichazvitenda.

8 Uye zvino Aroni paakanzwa izvi, mwoyo wake wakatanga kufara; uye akati: Tarisai,

nechokwadi sezvo muri mupeonyu, imi mambo, Mwari variko.

9 Uye mambo akati: Mwari ndiye here Mweya “Mukuru uya wakabvisa madzibaba edu munyika yeJerusarema?”

10 Aroni akati kwaari: Hongu, ndiye Mweya Mukuru uya, uye “akasika zvinhu zvose zviriri mudenga nezviri pasi. Munozvite nda here izvi?”

11 Uye iye akati: Hongu, ndinotenda kuti Mweya Mukuru ndiwo wakasika zvinhu zvose, uye ndinoda kuti undiudze pamusoro pezvinhu zvose izvi, uye ndinobva “ndatenda mazwi ako.

12 Uye zvakaitika kuti Aroni paakaona kuti mambo achatenda mazwi ake, akatangisa nekusikwa kwaAdama, “achiverenge ra mambo magwaro matsvene kuti Mwari vakasika sei munhu nemufananidzo wavo, nokuti Mwari vakamupa mirairo, nokutiwo pamusana pekutadza, munhu akapunzika.

13 Uye Aroni akamutsanangurira magwaro kubvira “pakusikwa kwaAdama, achimuratidza kupunzika kwemunhu, nokuita kwavo kwenyama ^bneurongwa hwerununuro, hwakagadzirwa ^ckubvira mukutanga kwenyika, nemuna Kristu, kumunhu wose uyo anotenda muzita rake.

14 Uye sezvo munhu ^aakapunzika hakuna chaanogona ^bkunatsa iye ega; asi kutambudzwa nekufa kwaKristu ^ckuno-

6a Aruma 20:17–18.

7a D&Z 46:13–14.

9a Aruma 18:18–28.

10a NKM Sika.

11a NKM Daira.

12a 1 Ni. 5:10–18;

Aruma 37:9.

13a Gen. 1:26–28.

b NKM Hurongwa
hweRununuro.

c 2 Ni. 9:18.

14a NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

b 2 Ni. 25:23;

Aruma 42:10–25.

c Aruma 34:8–16.

NKM Dzikinura.

vadzikinura muzvitema zvavo, kuburikidza nerutendo nekute-ndeuka, nezvimwe zvakadaro; nokuti anodimbura majoto erufu, kuti ^aguva ritadze kuku-nda, nokutiwo kuruma kwe-ru-fu kuchamedzwa netarisiro yekubwinya; uye Aroni akatsa-nangura zvose zvinhu izvi kuna mambo.

15 Uye zvakaitika kuti mushu-re mekunge Aroni atsanangura zvinhu zvose izvi kwaari, ma-mbo akati: “Chii chandingaite kuti ndiwane upenyu uhwu hwokusingaperi hwawataura? Hongu, ndingaiti kuti ^bndizva-rwe naMwari, kuti mweya uyu wakaipa udzurwe muchipfuva changu, uye ndigotambira Mwe-ya wake, kuti ndigozadzwa ne-rufaro, kuti ndisaraswe pazuva rokupedzisira? Tarisai, akadaro iye, ndichasiya ^czvose zvandina-zvo, hongu, ndichasiya uma-mbo hwangu, kuti ndigashire kufara kukuru uku.

16 Asi Aroni akati kwaari: Kana ^auchida chinhu ichi, kana ukapfugama pamberi paMwa-ri, hongu, ukatendeuka kubva kuzvitadzo zvako zvose, uye ukapfugama pamberi paMwari, uchidaidza zita ravo nerutendo, uchitenda kuti uchagashira, ndipo pauchagashira ^btariro yauri kuda.

17 Uye zvakaitika kuti Aroni zvaakanga ataura mazwi aya, mambo ^aakapfugama pamberi paIshe, nemabvi ake; hongu,

kana iye akazvambarara pasi, ^bakachema zvikuru, achiti:

18 Imi Mwari, Aroni andiudza kuti kuna Mwari; uye kana kui-na Mwari, uye kana imi murimi Mwari, mungaite here kuti ndikuzivei, uye ndicharegera zvitema zvangu zvose kuti ndikuzivei, nekuti ndimutswe kubva kuvakafa, uye ndigopo-neswa muzuva rekupedzisira. Uye zvino mambo ataura ma-zwi aya, akarohwa akaita sefa.

19 Uye zvakaitika kuti varanda vake vakamhanya vakanotauri-ra mambokadzi zvakanga zva-itika kuna mambo. Uye ma-mbokadzi akabva auya kuna mambo; uye zvaakamuona aka-rara seakafa, uye achionawo Aroni nehama dzake sekunge ndivo vakanga vakonzera ku-punzika kwamambo, akava-shatirirwa, ndokubva atuma varanda vake, kana kuti vara-nda vamambo, kuti vavatore vavauraye.

20 Zvino varanda vakanga vaona chakanga chaita kuti mambo apunzike, naizvozvo vakatya kuisa maoko avo pana Aroni nehama dzake; uye vakanyengetedza mambokadzi vachiti: Sei muchititaurira kuti tiuraye varume ava, uye tarisai mumwechete wavo ane ^asimba kupfuura tose? Naizvozvo ti-chapunzika pameso pavo.

21 Zvino mambokadzi paaka-ona kutya kwakanga kwabata varanda naiyewo akavamba

14d Isa. 25:8;
I VaKori. 15:55.
15a Mabasa 2:37.
b Aruma 5:14, 49.

c Mat. 13:44–46;
19:16–22.
16a NKM Kupinduka.
b Eta 12:4.

17a D&Z 5:24.
b NKM Munamoto.
20a Aruma 18:1–3.

kutya zvikuru, achitya kuti angangovingwa nechinhu cha-kaipa. Uye ndokubva ataurira varanda vake kuti vanodaidza vanhu, kuti vazouraya Aroni nehama dzake.

22 Zvino Aroni paakaona kushinga kwamambokadzi, iye, nekuzivawo ukukutu hwemwoyo yevanhu, akatya kuti pangangoungana mhomho yevanhu pamwechete, uye kwove nekupesana kukuru nokukanganisana mukati mavo; naizvozvo akatambanudza ruoko rwake akasimudza mambo kubva pasi, uye akati kwavari: Simukai. Akamira netsoka dzake, achwana simba rake.

23 Zvino izvi zvakaitwa mumaziso amambokadzi nevazhinji vevaranda. Uye zvavakazviona zvakavashamisa zvikuru, uye vakatanga kutya. Uye mambo akamira, uye akatanga “kupa-ridza kwavari. Uye akavaparidzira, zvekuti imba yake yose^b yakatendeukira kuna Ishe.

24 Zvino pakanga pane mhomho yakange yaungana pamwechete nenzira yekudaidzwa namambokadzi, kukatanga kuve nekutsutsumwa pakati pavo pamusoro paAroni nehama dzake.

25 Asi mambo akamira mukati mavo akavafundisa. Uye vakanyevenuka kuna Aroni nekune avo vaakanga ainavo.

26 Uye zvakaitika kuti mambo zvaakaona kuti vanhu vanyevenuka, akaita kuti Aroni nevamwe vake vamire pakati

pemhomho yevanhu iyi, uye kuti vagovaparidzira shoko.

27 Uye zvakaitika kuti mambo akatumira “chiziviso munyika yose, kuvanhu vake vose vaive munyika yake yose, vaive mumatunhu ose akatenderedza, aiganhurana negungwa, kumabvazuva nekumadokero, uye yakange yakaganurana nenyika^b yaZarahemura nekamutsetse kerenje kakamanika, kaibva kugungwa nechekumabvazuva kachidimbura kunosvika kugungwa nechekumadokero, nepedyo pegungwa, nekumiganhu yerenje raive kuchamhembe kwenyika yeZarahemura, nekumiganhu yeMandi, nekumusoro kwerwizi rweSidhoni, rwuchi-bva kumabvazuva rwuchienda kumadokero—ndiko kuganurwa kwakanga kwakaitwa maRamani nemaNifai.

28 Zvino, vazhinji vevakanga vaine “nungo vemaRamani vaigara murenje, uye vachigaramumatende; uye vakanga vakapararira nerenje nechekumadokero, munyika yaNifai; hongu, nekumadokerowo enyika yaZarahemura, kumuganhu negungwa, nekumadokero munyika yaNifai, munzvimbo yenhaka yekutanga yemadzibaba avo, uye iri yakaganhurana negungwa.

29 Uye kwakanga kuinewo maRamani akawanda nechekumabvazuva nechekugungwa, kuri kwavakanga vatinhirwa nemaNifai. Naizvozvo maNifai

23a NKM Mushumiri;
Paridza; Dzidzisa.

b NKM Kupinduka.
27a Aruma 23:1–4.

b Omu. 1:13–17.
28a 2 Ni. 5:22–25.

akanga akakomberedzwa nemaRamani; zvisinei maNifai akanga akatora rutivi rwose rwekuchamhembe kwenyika rwakaganhurana nerenje, pakatangira rwizi rweSidhoni, kubvira kumabvazuva kusvika kumadokero, munzvimbo dziri pedyo nerenje; kuchamhembe, kana kusvika kunzvimbo yavaiti ^ayeMaguta.

30 Uye yakanga yakaganhurana nenyika yavaidaidza kuti Nyika ^ayeKuparadzwa, yakanga iri kure kuchamhembe zvekuti yaipinda munyika yakambenge iine vanhu uye ikaparadzwa, ine vanhu vane ^bmapfupa atataura nezvawo, akawanikwa nevanhu vaZarahemura, iri iyo nzvimbo ^cyavakatanga kusvika.

31 Uye vakabva ikoko vachikwira kuenda murenje rehekumaodzanyemba. Saka nyika yaive nehekuchamhembe yainzi Nyika ^ayeKuparadzwa, uye nyika yaive nehekumaodzanyemba yainzi Maguta, riri renje rakanga rizere nemhuka dzemarudzi ose, dzimwe dzacho dziri dzakanga dzabva nehekuchamhembe dzichitsvaga zvekudya.

32 Uye zvino, waingova ^amu-fambo wezuva rimwe nechikamu kumuNifai, mumutsetse weMaguta nenyika yeKuparadzwa, kubva kumabvazuva kuenda kugungwa rekumadokero; uye saka nyika yaNifai nenyika yeZarahemura

dzakanga dzakada kutendere-dzwa nemvura, paine ^bkamutsetse kenyika pakati penyika iri kuchamhembe nenyika iri kumaodzanyemba.

33 Uye zvakaikita kuti maNifai akanga agara munyika yeMaguta, kana kubvira kumabvazuva kusvika kugungwa rekumadokero, uye saka maNifai mukuchenjera kwavo, nevatariri vavo nemo auto avo, vakanga vamanikidzira maRamani nehekumaodzanyemba, kuti vashaye chavainacho kuchamhembe kwenyika, kuti vatadze kurwisa nyika nehekumusoro kwayo.

34 Naizvozvo maRamani havana kunge vaine chinhu munyika yaNifai, nemurenje rakatenderedza. Zvino uku kwaive kuchenjera kwemaNifai—sezvo maRamani vaive mhandu dzavo, havaibvuma kuti vatambudzwe kwose-kwose, uye nokuti vagowana nyika yekutizira, maererano nezvido zvavo.

35 Uye zvino ini, shure kweku-nge ndataura izvi, ndinodzokera zvakare kunyaya yaAmoni naAroni, Omuna naHimunai, nehama dzavo.

CHITSAUKO 23

Rusununguko rwekunamata rwunodaidzirwa — MaRamani munyika nomwe nemaguta vanopindutswa — Vanozvidaidza kuti vaAndi-Nifai-Rihai uye vanosu-

29a Aruma 52:9; 63:5.

30a Aruma 50:34;

Morm. 4:1–3.

b Mosaya 8:7–12;

28:11–19.

c Hir. 6:10.

31a Hir. 3:5–6.

32a Hir. 4:7.

b Aruma 50:34.

nungurwa kubva mukutukwa—MaAmarekai nemaAmurooni vanoramba chokwadi. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti mambo wemaRamani akatumira “chiziviso kuvanhu vake vose, kuti vasabate-bate Amoni, kana Aroni, kana Omuna, kana Himunai, kana ani zvake wehama dzavo avo vachaenda vachiparidza shoko raMwari, kwose kwavanenge vari, murutivi rwupi rwenyika yavo.

2 Hongu, akatumira shoko kwavari, kuti vasavabate kuti vavasunge, kana kuti kuvaisa mutirongo; zve havafanire kuvasvipira, kana kuvarova, kana kuvabvisa mumasinagogo avo, kana kuvarova; havafanire kuvatema nematombu, asi kuti ivo vagone kupinda mudzimba dzavo vakasununguka, nemumatemberi avowo, nemunzvimbo dzavo dzavanosangana.

3 Uye ndiko kuti vaende vachiparidza shoko maererano nechido chavo, nokuti mambo akanga apindukira kuna Ishe, nemba yake yose; saka akatumira chiziviso chake munyika yose kuvanhu vake, shoko raMwari risawane chinoridzivisa, asi kuti shoko rake riende munyika yose, kuti vanhu vake vapwiswe pamusoro pekuipa “kwetsika dzamadzibaba avo, nokutiwo vapwiswe kuti vose vaive hama, nokuti vasaponde,

kana kupaza, kana kuba, kana kuita upombwe, kana kuita chimwe chinhu cheupi.

4 Uye zvino zvakaitika kuti mambo atumira shoko rake, Aroni nevamwe vake vakaenda guta neguta, uye kubva muimba yekunamatira kuenda mune imwe imba yekunamatira, vachimisa machechi, uye vachigadza vafundisi nevadzidzisi munyika yose mukati memaRamani, kuti vaparidze nokudzidzisa shoko raMwari mukati mavo; uye vakatanga kuva nekubudirira kukuru.

5 Uye zviuru zvakasvika mukuziva Ishe, hongu, zviuru zvakasvika mukutenda “tsika dzemaNifai; uye vakadzidziswa^bzvinyorwa nezviporofita zvakatambidzanwa kudakara kusvika nhasi.

6 Uye sezvo chiri chokwadi kuti Ishe mupenyu, nechokwadi vazhinji vakatenda, kana sezvo vazhinji vakasvitswa mukuziva chokwadi, kuburikidza neku-paridza kwaAmoni nehama dzake, maererano nemweya wekuzururirwa newechiporofita, nesimba raMwari richishanda zvishamiso mavari—hongu, ndinoti kwamuri, sezvo Ishe vari vapenyu, vazhinji vemaRamani vakatenda kuparidza kwavo, uye “vakatendeukira kuna Ishe,^bhavana kupunzika.

7 Nokuti vakave vanhu vakarurama; vakakanda pasi zvimbo zvavo zveupanduki, zvokuti havana kuzorwisa Mwari

23 1a Aruma 22:27.
3a Aruma 26:24.
5a Aruma 37:19.

b Aruma 63:12.
NKM Magwaro
matsvene.

6a NKM Kupinduka.
b Aruma 27:27.

zvakare, kana mumwe wehama dzavo.

8 Zvino, ava “ndivo vakapindukira kuna Ishe:

9 Vanhu vemaRamani vakanga vari munyika yaIsmaeri;

10 Uye vanhu vemaRamaniwo vakanga vari munyika yeMidhoni;

11 Uye vanhu vemaRamaniwo vaive muguta raNifai;

12 Uyewo vanhu “vemaRamani vaive munyika yeShiromu, nevaive munyika yeShemuroni, nemuguta raRemueri, nemuguta raShimuniromu.

13 Uye aya ndiwo mazita emaguta emarmani “akatendeukira kuna Ishe; uye ndiwo iwaya akakanda zvombo zvawo pasi zveupanduki, hongu, zvombo zvawo zvose zvehondo; uye vose vaive maRamani.

14 Uye maAmarekai vakanga vasina “kutendeuka, kunze kwe-mumwechete oga; kana ^bma-Amuroni; asi vakaomesa mwoyo yavo, nemwoyo yemaRamani aivewo murutivi irworwo rwenyika mavaigara, hongu, uye mishya yavo yose nemaguta avo ose.

15 Naizvozvo, tataura ose maguta emarmani ane vakatendeuka nevakaziva chokwadi, uye vakapinduka.

16 Uye zvino zvakaitika kuti mambo neavo vakapindutswa vakada kuve nezita, kuti vago-ve vakatsaukana nehama dzavo; naizvozvo mambo akataura na-Aroni nevazhinji vevapirisita

vavo, maererano nezita rava-ngatore, kuti vagozivikanwanaro.

17 Uye zvakaitika kuti vakati zita ravo rinonzi “maAndi-Nifai-Rihai; uye vakadaidzwa nezita iri uye vakasazodaidzwa kunzi maRamani.

18 Uye vakatanga kuve vanhu vanoshanda zvikuru; hongu, uye vaishamwaridzana nema-Nifai; naizvozvo, vakazurura kuwirirana navo, uye “kutuka kwaMwari hakuna kuzovatevera zvakare.

CHITSAUKO 24

MaRamani anorwisa vanhu va-Mwari — MaAndi-Nifai-Rihai vanofara muna Kristu uye vanoshanyirwa nengirozi — Vanosarudza kufa pane kuti vazvirwire — Mamwezve maRamani vanotendeutsa. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti maAmarekai nemaAmuroni nemaRamani vakanga vari munyika yaAmuroni, nemunyikawo yaHerami, nevaive munyika “yeJerusarema, nemuchidimbu, munyika yose yakakomberedza, vasina kunge vapindutswa nevasina kunge vatora zita rekunzi ^bmaAndi-Nifai-Rihai, vakafurirwa nema-Amarekai nemaAmuroni kuti vashatirirwe hama dzavo.

2 Uye ruvengo rwavo rwukakura zvikuru, zvekuti vakatanga

8a Aruma 26:3, 31.

12a Mosaya 22:8, 11.

13a Aruma 53:10.

14a Aruma 24:29.

^b Mosaya 23:31–39.

17a NKM VaAndi-Nifai-Rihai.

18a 1 Ni. 2:23;

2 Ni. 30:5–6;

3 Ni. 2:14–16.

24 1a Aruma 21:1.

^b Aruma 25:1, 13.

kupandukira mambo wavo, zvekuti vakanga vasisade kuti ave mambo wavo; naizvozvo, vakatora zvombo zvavo kurwisa maAndi-Nifai-Rihai.

3 Zvino mambo vakagadza mwanakomana wavo umambo, vakamudaidza zita rake kuti Andi-Nifai-Rihai.

4 Uye mambo vakafa mugore rimwechetero rakanga maRamani vachigadzirira kuita hondo nevanhu vaMwari.

5 Zvino Amoni nehama dzake pavakaona kugadzirira kwaiitwa kwose uku nemaRamani kuti vaparadze hama dzavo, vakauya munyika yeMidhiani, uye ikoko Amoni akasangana nehama dzake dzose; uye vabva ikoko vakauya munyika yaIshmaeri kuti vaite “dare naRamonai nehama yakewo Andi-Nifai-Rihai, kuti vaone kuti vangaite sei kuti vazvidzvirire kubva kumaRamani.

6 Zvino hakuna munhu kana mumwechete zvake mukati mevanhu vose vakanga vate ndeukira kuna Ishe vaikwanisa kutora zvombo kurwisa hama dzavo; kwete, kana kugadzirira hondo havaigadzirira; hongu, uye kana mambo wavo akavarambidza kugadzirira.

7 Zvino aya ndiwo mazwi aakataura kuvanhu maererano nenyaya iyi: Ndinotenda Mwari vangu, vanhu vangu vanodikana, kuti Mwari vedu mukunaka kwavo vakatumira idzi hama dzedu, maNifai, kwatiri kuzoti-paridzira, uye kuitira kutipwisa

“nezvetsika dzamadzibaba edu dzakaipa.

8 Uye tarisai, ndinotenda Mwari vangu mukuru kuti vakatipa kadimbu keMweya wavo kupfavisira mwoyo yedu, kuti tiite chibvumirano nehama idzi, maNifai.

9 Uye tarisai, ndinotendawo Mwari vangu, nokuti mukuza-rura hurukuro iyi tave tinopwiswa pamusoro “pezvitadzo zvedu, nezvekuponda kuzhinji kwatakaita.

10 Uye ndinotendawo Mwari vangu, hongu, Mwari vangu vakuru, kuti vakatibvumira kuti titendeuke kubva muzvinhu izvi, nokutiwo “vakatiregerera zvitema zvedu zvakawanda neumhondi hwedu hwatakaita, uye akabvisa mumwoyo yedu pfungwa yekunzwa tiine ^bmhosva, kuburikidza nekukurama kweMwanakomana wavo.

11 Uye zvino tarisai, hama dzangu, sezvo zviri izvo zvose zvataikwanisa kuita (sezvo takanga tiri vakanga vakanyanya kurasika kurudzi rwevanhu) kutendeuka muzvitema zvedu zvose nekuponda kwose kwatakaita, nokuita kuti Mwari “vazvibvise mumwoyo yedu, nokuti ndizvo zvose zvataikwanisa kuita kuti titendeuke zvakakwana pamberi paMwari kuti vabvise vara retsvina yedu—

12 Zvino hama dzangu dzakanaka dzinodiwa, sezvo Mwari vabvisa kuremerwa kwedu, uye minondo yedu yave kupe-nya, ngatichiregai kusvibisa

5a Aruma 27:4–13.
7a Mosaya 1:5.

9a D&Z 18:44.
10a Dan. 9:9.

^b NKM Mhosva, Kuva ne.
11a Isa. 53:4–6.

minondo yedu zvakare neropa rehama dzedu.

13 Tarisai, ndinoti kwamuri Kwete, ngatichengetei minondo yedu kuti isasvibiswe neropa rehama dzedu; nokuti zvimwe, kana tikasvibisa minondo yedu zvakare haizogona “kugezwa ichipenya neropa reMwanakomana waMwari vedu mukuru, richadeurwa kuti ridzikinure zvitema zvedu.

14 Uye ivo Mwari mukuru vatinzwira tsitsi, vakaita kuti zvinhu izvi zvizivikanwe nesu kuti tisafe; hongu, uye vakaita kuti zvinhu izvi tifanozviziva, nokuti vanoda “mweya yedu sekuda kwavanoita vana vedu; naizvozvo, netsitsi dzavo vanotishanyira nengirozi dzavo, kuti ^burongwa hweruponeso huitwe kuti tihuzive nekuzvizarwa zvedu zvamangwana.

15 Imi, tsitsi dzina Mwari vedu! Uye zvino tarisai, sezvo zviri izvo zvataikwanisa kuita kuti kusviba kwedu kubviswe kwatiri, uye minondo yedu yichipenyiswa, ngatiyivigei kuti yirambe yichipenya, seuchapupu kuna Mwari vedu muzuva rekupedzisira, kana kuti musi watachunzwa kuti timire pamberi pavo kuti titongwe, kuti hatina kusvibisa minondo yedu neropa rehama dzedu kubvira musi wavatipa shokoravo uye vakabva vatichenesa pakare.

16 Uye zvino, hama dzangu,

kana hama dzedu dzichitsvaka kutiparadza, tarisai, tichaviga minondo yedu, hongu, kana kuicherera pasi muvhu, kuti irambe ichipenya, seuchapupu hwekuti hatina kumboishandisa, muzuva rekupedzisira; uye kana hama dzedu dzikatiparadza, tarisai, “tichaenda kuna Mwari vedu uye kwatinoponeswa.

17 Uye zvino zvakaitika kuti mambo paakapedza kutaura uku, uye vanhu vose vaunganidzwa pamwechete, vakatora minondo yavo, nezvose zvombo zvaishandiswa mukuparadza ropa remunhu, uye “vakazviviga pasi-pasi muvhu.

18 Uye vakaita izvi, kwavari huri uchapupu kuna Mwari, nekuvanhuwo, kuti “havachazofa vakashandisa zvombo zvakare kuparadza ropa remunhu; uye vakazviita izvi, vachipupura ^bnekubvumirana naMwari, kuti vanosarudza “kurasikirwa neupenyu hwavo pane kuti vaparadze ropa rehama dzavo; uye pane kuti vatorere hama yavo vangatomupa zvavo; uye pane kuti vaparadze mazuva avo vasina chavari kuita vanozoshanda zvikuru nemaoko avo.

19 Naizvozvo ndiko kuona kwatinoita, kuti maRamani ava pavakaitwa kuti vatende nekuziva chokwadi, “vakasimba, vakabvuma kana kufa pane kuti vaite chitema; uye ndizvo zvatinooona kuti vakaviga zvombo

13a Zvaka. 1:5.

14a NKM Mweya (Mweya neMuviri)—Kukosha kwemweya.

^b NKM Hurongwa hweRununuro.

16a Aruma 40:11-15.

17a Hir. 15:9.

18a Aruma 53:11.

^b NKM Chibvumirano.

^c NKM Kupira.

19a NKM Rutendo.

zvavo zverunyararo, kana kuti vakaviga zvombo zvehondo, kuti vawane runyararo.

20 Uye zvakaitika kuti hama dzavo, maRamani, vakagadzirira hondo, uye vakaenda kunyika yaNifai vakanangana nekunoparadza mambo, uye nokugadza mumwe munzvimbo yake, nokuparadza vanhu maAndi-Nifai-Rihai kuabvisa munyika.

21 Zvino vanhu zvavakaona kuti vari kuingwa vakabuda vakanovachingura, uye “vakazvambarara pasi pamberi pavo, uye vakatanga kudaidza zita raIshe; uye ndizvo zvavakanga vakaita maRamani zvaakavamba kuvawira, uye vachitanga kuvauraya neminondo.

22 Uye vasina kurwiswa, vakauraya chiuru chimwechete chine vanhu vashanu; uye tinoziva kuti vakaropafadzwa, nokuti vakaenda kunagara naMwari wavo.

23 Zvino maRamani pavakaoona kuti hama dzavo hadzisi kutiza kubaiwa, kana kupindukira kurudyi kana kuruboshwe, asi kuti vairara pasi uye “vachiparara, uye vachikudza Mwari ivo vari mukuparara pasi peminondo kudaro—

24 Zvino maRamani pavakaoona izvi, vakabva “varega kuvabaya; uye kwaive nevazhinji vakanga vanzwa ^bkurwadza kwemwoyo yavo pamusana pehama dzavo dzakanga dzafa nekubaiwa, nokuti vakatendeuka

kubva muzvinhu zvavakanga vaita.

25 Uye zvakaitika kuti vakakanda pasi zvombo zvavo zvehondo, uye vakasazozvitora zvakare, nokuti vakange vabatawa nokutya kuponda kwose kwavakanga vaita; uye vakaenda sehama dzavo, vachivimba netsitsi dzeavo vakanga vasimudza maoko avo kuti vavabaye.

26 Uye zvakaitika kuti vanhu vaMwari vakabatanidzwa musi iwoyo nevanhu vakawanda kupfuura vakanga vauraiwa; uye avo vakanga vauraiwa vaive vanhu vakarurama, naizvozvo hatina chikonzero chekukahadzika asi kuti “vakaponeswa.

27 Uye hakuna kana mumwechete akauraiwa akanga ari pakati pavo akanga aine huipi; asi pakange paine vaipfuura chiuru vakaunzwa muruzivo rwechokwadi; saka tinoona kuti Ishe vanoshanda “nenzira dzakawanda muruponeso rwevanhu vavo.

28 Zvino, vazhinji vemaRamani vakauraya hama dzavo zhinji kudaro vaive maAmarekai nemaAmuroni, uye vazhinji vavo vaive “vehurongwa ^bhwemaNeha.

29 Zvino, pane vakasangana nevanhu vaIshe, “hamuna kunge muine maAmarekai, kana maAmuroni, kana vakanga vari vaNeha, asi vakanga vari zvizvarwa zvaRamani naRemueri.

30 Uye tinoona zviripachena, kuti kana vanhu vakadzimara “vajekeserwa neMweya

21a Aruma 27:3.

23a Aruma 26:32.

24a Aruma 25:1.

^b NKM Kunzwa Tsitsi.

26a Zvaka. 14:13.

27a Isa. 55:8–9;

Aruma 37:6–7.

28a Aruma 21:4.

^b Aruma 1:15; 2:1, 20.

29a Aruma 23:14.

30a Mat. 12:45.

waMwari, uye vawana ^bruzivo rukuru rwezvinhu zviri maererano nekukurama, uye ^cvagowira muchitema nekutadza, vanobva vaoma, saka zvinhu zvavo zvinobva ^dzvanyanya kuipa kuita sevasina kumboziva zvinhu izvi.

CHITSAUKO 25

Kunetsa kwemaRamani kunopararira—Mbeu yemapirisita vaNoa inofa sekuporofitwa kwazvakaitwa naAbhinadhai—MaRamani mazhinji vanopinduka uye vobva vasangana nevanhu vaAndi-Nifai-Rihai—Vanotenda muna Kristu vachichengetedza mutemo wa-Mosesi. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

UYE tarisai, zvino zvakaitika kuti maRamani ava vakashatirwa zvakanyanya nokuti vakanga vauraya hama dzavo; naizvozvo vakapika kuti vachatsivida pamaNifai; uye panguva iyoyo havana kuzoedza kuuraya vanhu ^avaAndi-Nifai-Rihai.

2 Asi vakatora mauto avo uye vakaenda mumiganhu yeZarahemura, vakarwisa vanhu vakanga vari munyika yaAmonaiha uye ^avakavaparadza.

3 Uye mumashure maizvozvo, vakarwisana nemaNifai muhondo zhinji, mavakakurirwa vakauraiwa.

4 Uye pakati pemaRamani vakauraiwa pakange paine vai-karove vose mapirisita aNoa vakange vari ^ambeu yaAmuroni nehama dzake, uye vakabaiwa nemaoko emaNifai;

5 Uye vakasara, vatizira kurenje rekumabvazuva, uye vatora simba nemvumo yekutonga kwemaRamani, vakaita kuti maRamani mazhinji ^avaparare nemoto pamusoro pekutenda kwavo—

6 Nokuti vazhinji ^avavo, mu-shure mekurasikirwa kwakanyanya nematambudziko akawanda, vakatanga kumutswa mukurangarira ^bmazwi aAroni nehama dzake avakavaparidzira munyika mavo; naizvozvo vakatanga kusatenda ^ctsika dzemadzibaba avo, nokutenda munaIshe, nekuti vakapa simba guru kumaNifai; uye ndiko kudzorwa kwakaitwa vazhinji vavo murenje.

7 Uye zvakaitika kuti avo vatongi vakange vari vakasara pavana ^avaAmuroni vakaita kuti ^bvauraiwe, hongu, vose avo waitenda mune zvinhu izvi.

8 Zvino uku kufira zvaunotenda uku kwakaita kuti hama dzavo zhinji vamuke mukushatirwa; uye kukatanga kuve nekupesana murenje; uye maRamani akatanga ^akuvhima mbeu yaAmuroni nehama

30b VaH. 10:26;
Aruma 47:36.
c 2 Ni. 31:14;
Aruma 9:19.
NKM Kurasika
Pachitendero.
d II Pet. 2:20-21.

25 1a NKM
VaAndi-Nifai-Rihai.
2a Aruma 8:16; 16:9.
4a Mosaya 23:35.
5a Mosaya 17:15.
6a NEMAMWE MAZWI
maRamani.

b Aruma 21:9.
c Aruma 26:24.
7a Aruma 21:3; 24:1,
28-30.
b NKM Kuponderwa
Chitendero.
8a Mosaya 17:18.

dzake uye vakatanga kuvau-
raya; uye vakatizira murenje
rekumabvazuva.

9 Uye tarisai vari kuvhimwa ne-
maRamani muzuva rino. Ndizvo
zvakaita kuti mazwi aAbhina-
dhai, ayo aakataura maererano
nembeu yevapirisita avo vakaita
kuti afe nemoto aitike.

10 Nokuti akati kwavari: “Zva-
muchaita kwandiri zvichave chi-
ratidzo chezvinhu zvichauya.

11 Uye zvino Abhinadhai
ndiye aive wekutanga kutambu-
dzika “murufu rwemoto pamu-
sana pekutenda kwake kuna
Mwari; zvino izvi ndizvo zvaa-
ireva, kuti vazhinji vachafa
nemoto, maererano nokuta-
mbudzika kwaakanga aita iye.

12 Uye akati kumapirisita
aNoa mbeu yavo ichakonzera
kuti vazhinji vauraiwe, sezvaa-
kanga aitwa iye, nokuti vacha-
pararira uye vagouraiwa, kana
sezvinoita hwai isina mufudzi
inotinhwa ichinouraiwa nezvi-
kara; uye zvino tarisai, mazwi
aya akatsinhirwa, nokuti vaka-
tinhwa nemaRamani, uye va-
kavhimwa, uye vakarohwa.

13 Uye zvakaaitika kuti maRa-
mani pavakaona kuti havanga-
kurire maNifai vakadzokera
zvakare kunyika kwavo; uye
vazhinji vavo vakauya kuzogara
munyika yaIshmaeri nemunyika
yaNifai, uye vakazviisa muva-
nhu vaMwari, vaive vanhu
“vaAndi-Nifai-Rihai.

14 Uye naivowo “vakacherera
pasi zvombo zvavo zvehondo,
maererano nezvakanga zvaita
hama dzavo, uye vakatanga
kuve vanhu vakururama; uye
vakafamba munzira dzalshe,
uye vakacherechedza kuchenget-
edza mirau nemitemo yake.

15 Hongu, uye vaichengetedza
mutemo waMosesi; nokuti zvai-
fanira kuti vambochengetedza
mutemo waMosesi, nokuti
wakanga usati wazadzikiswa
wose. Asi kana dai zvazvo paive
“nemutemo waMosesi, vakanga
vachitarisira kuuya kwaKristu,
vachiti ivo mutemo waMosesi
^bchiratidzo chekuuya kwake, uye
vachitenda kuti vakafanira ku-
ramba vachiita zvisungo ‘zve-
kunze kudakara kusvika pa-
nguva yaacharatidzwa kwavari.

16 Zvino havana kunge vachiti
“ruponeso rwunounzwa ^bnemu-
temo waMosesi; asi mutemo wa-
Mosesi waivayamura kusimbi-
sa rutendo rwavo muna Kristu;
nokudaro vakaramba vaine
‘tariro kuburikidza nerutendo,
ruponeso rwokusingaperi, va-
chivimba neMweya wechipo-
rofita, uyo wakataura nezve-
zvinhu zvichauya.

17 Uye zvino tarisai, Amoni,
naAroni, naOmuna, naHimunai,
nehama dzavo vakafara zviku-
ru, nokubudirira kwavakanga
vaita mukati mamaRamani,
vachiona kuti Mwari vakanga
vavapa maererano “neminamato

10a Mosaya 13:10.

11a Mosaya 17:13.

13a Aruma 23:16–17.

14a Aruma 24:15; 26:32.

15a Jak. 4:5; Jar. 1:11.

NKM Mutemo
waMosesi.

^b Mosaya 3:14–15; 16:14.

^c Mosaya 13:29–32.

16a Mosaya 12:31–37;

13:27–33.

^b 2 Ni. 11:4.

^c I VaT. 5:8–9.

17a Aruma 17:9.

yavo, nokutiwo vakanga vatsinhira rose shoko kwavari pasina zvavakasiya.

CHITSAUKO 26

Amoni anofara muna Ishe — Vane rutendo vanosimbiswa naIshe uye vachipiwa ruzivo — Nerutendo vanhu vanokwanisa kuunza zviuru zvemweya mukutendeuka — Mwari vane simba rose uye vanonzwisisa zvinhu zvoze. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, aya ndiwo mazwi aAmoni kuhama dzake, anoti: Vakoma nevanin'ina vangu nehama dzangu, tarisai ndinoti kwamuri, tine chikonzero chikuru chekufara; nokuti pane akambozvifunga here “zvatakabva kunyika yaZarahemura kuti Mwari vaizotipa maropafadzo makuru akadai?

2 Uye zvino, ndinobvunza, maropafadzo makuru aakatipa ndeapi? Mungaataura here?

3 Tarisai, ndinokupindirirai; nokuti hama dzedu maRamani, vakanga vari murima, hongu, murima remugomba rakati ndoo, asi tarisai, kuti “vangani vavo vaunzwa kuti vaone chiedza chinoshamisa chaMwari! Uye aya ndiwo maropafadzo akaiswa patiri, kuti takaitwa^b midziyo mumaoko aMwari kuti tiite basa guru iri.

4 Tarisai, “zviuru zvavo zvinofara, uye zvakaunzwa mudangaraMwari.

5 Tarisai, “munda wakange waibva, uye makaropafadzwa imi, nokuti makapinza^b jeko, uye mukakohwa nesimba renyu, hongu, muswere wose makashanda; uye tarisai uwandu “hwezvimwanda zvenyu! Uye zvichaunganidzwa mutsapi, kuti zvisaparadzwe.

6 Hongu, havazotorwa nedutu pamusi wekupedzisira; hongu, havazotakurwa nechamupupuri; asi panouya “dutu vachange vakaungana pamwechete munzvimbo mavo, zvekuti dutu harikwanise kuvapinda; hongu, havazotorwa nemhepo inotyisa vachiendeswa kwavanenge vachidiwa kuti vaende nemuvengi.

7 Asi tarisai, vari mumaoko maIshe “vekukohwa, uye ndevavo; uye^b vachavamutsa musi wekupedzisira.

8 Ngaripafadzwe zita raMwari vedu; “ngatiimbe kurukudzo rwavo, hongu, ngatipei^b kutenda kuzita ravo dzvene, nokuti vanoshanda kururama narinhi.

9 Nokuti dai takanga tisina kubva munyika yeZarahemura, idzi hama dzedu dzinodiwa zvikuru, vakatida zvikuru, vangadai vachiri kutongwa “nokutivenga, hongu, uye vangadai vari vatorwa kuna Mwari.

10 Uye zvakaikita kuti Amoni

26 1a Mosaya 28:9;
Aruma 17:6-11.
3a Aruma 23:8-13.
b II VaKori. 4:5;
Mosaya 23:10.
4a Aruma 23:5.

5a Joh. 4:35-37;
D&Z 4:4.
b Joere 3:13.
c D&Z 33:7-11; 75:2, 5.
6a Hir. 5:12;
3 Ni. 14:24-27.

7a NKM Mukoho.
b Mosaya 23:22;
Aruma 36:28.
8a D&Z 25:12.
b NKM Kupakutendo.
9a Mosaya 28:1-2.

paakapedza kutaura mazwi aya, munin'ina wake Aroni akamutsiura, achiti: Amoni, tinotyta kuti rufaro rwako rwakutakura kunge wave kuzvirumbidza.

11 Asi Amoni akati kwaari: "Handizvikudze nesimba rangu, kana neungwaru hwangu, asi tarisa, ^brufaro rwangu rwuzere, hongu, mwoyo wangu uzere nerufaro, uye ndichafara muna Mwari vangu.

12 Hongu, ndinozviziva kuti handisi chinhu; kana zviru zvesimba rangu ndakarenda; naizvozvo "handizozvikudza pachangu, asi ndichazvikudza naMwari vangu, nokuti ^bmusimba ravo ndinogona kuita zvinhu zvose; hongu, tarisai, takaunza zvishamiso zvikuru zvinoshamisa munyika ino, zvichaita kuti tikudze zita rake nariini.

13 Tarisai, zviuru zvingani zvehama dzedu dzavakasunungura kubva mukurwadza "kwegehena; uye vanounzwa ^bkuzoimba rudo rwunonunura, zvose izvi zvichikonzerwa nesimba reshoko rake riri matiri, saka hatina here chikonzero chikuru chekuti tifare?

14 Hongu, tine chikonzero chekumukudza nariini wose, nokuti Ndiye Mwari Vekumusoro-soro, uye akasunungura hama dzedu kubva "mungetani dzegehena.

15 Hongu, vakanga vakakomberedzwa nerima risingaperi

nokuparadzwa; asi tarisai, akaunzwa "muchiedza chake chisingaperi, hongu, muruponeso rwusingaperi, uye vakomberedzwa nerudo rwavo rwakawanda rwusingaenzaniswe; hongu, uye isu tange tiri midziyo mumaoko avo yekuita basa guru rinoshamisa iri.

16 Naizvozvo, "ngatirumbidzei, hongu, ^bticharumbidza muna Ishe; hongu, tichafara, nokuti rufaro rwedu rwuzere; hongu, ticharumbidza Mwari vedu nariini wose. Tarisai, ndiani angarumbidze zvapakufuuridza muna Ishe? Hongu, ndiani angataure zvapakfuuridza pamusoro pesimba ravo, 'netsitsi dzavo, nokunetswa kwavo kutambudzikira vana vevanhu? Tarisai ndinoti kwamuri, handigone kutaura kana kanhu kadiki-diki kandinonzwa.

17 Ndiani akambozvifunga kuti Mwari vedu vangatiitire tsitsi dzakadai kuti vatibvise mune zvedu zvakaipa, zvizere nezvitema, uye zvakasvibisa unhu hwedu?

18 Tarisai, takaenda kana nemukushatirwa, tichimuudza kuti "tinoparadza chechi yavo.

19 Ko zvino, vakarega nei kutitumira kunoparadzwa zvinotyisa, hongu, vakarega sei kuti munondo wekuranga kwavo uwire patiri, kuti utishuridzire kukundikana kwokusingaperi?

11a II VaKori. 7:14.

b D&Z 18:14-16.
NKM Rufaro.

12a Jer. 9:24; Aruma 29:9.

b Mpi. 18:32-40;
VaF. 4:13;

1 Ni. 17:3.

13a NKM Gehena.
b Aruma 5:26.

14a Aruma 12:11.

15a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

16a VaR. 15:17;

I VaKori. 1:31.

b II VaKori. 10:15-18;
D&Z 76:61.

c Mpi. 36:5-6.

18a Mosaya 27:8-10.

20 Iwe mweya wangu, sezva-zvaive, unotiza pfungwa iyi. Tarisai, havana kuita kururamisa kwavo kwatiri, asi mutsitsi dzavo huru vakatiyambutsa “hanwa yerufu nekusuwa iye isingaperi nariini wose, kana kutisvitsa muruponeso rwe-mweya yedu.

21 Uye zvino tarisai, hama dzangu, ndoupi munhu “wenyama anoziva zvinhu izvi? Ndinoti kwamuri hakuna kana mumwechete ^banoziva zvinhu izvi, kunze kweavo vanobvuma kutadza kwavo.

22 Hongu, uyo “anotendeuka uye achishandisa ^brutendo, uye achionza mabasa akanaka, uye achinamata nguva dzose asingamire—kuna iyeyo ndiko kunopiwa kuziva ^czvakananzika zvaMwari; hongu, kune vakadaro ndiko kuchapiwa kuburitsa pachena zvinhu zvisina kumbenge zvakaiswa pachena; hongu, uye kuchapiwa kuna ivavo kuti vaunze zviuru zvemweya mukutendeuka, kana sekupiwa kwatakaitwa isu kuti tiunze idzi hama dzedu mukutendeuka.

23 Zvino mucharangerira here, hama dzangu, kuti takati kuhamadzedu dziri munyika yeZarahemura, tinoenda kunyika yaNifai, kuti tinoparidza kuhamadzedu, maRamani, uye vakatiseka zvinonyadzisa?

24 Nokuti vakati kwatiri: Munofunga kuti mungaite kuti

maRamani ave neruzivo rwechokwadi? Munofunga kuti mungapwise maRamani nezvekutsautsira “kwetsika dzamadzibaba avo, ivo vari vanhu ^bvakaoma mitsipa kudaro; vane mwoyo inofadzwa nekudeura ropa; vanoswera vari mukati mechakaipisisa; nzira dzavo dziri nzira dzemutadzi kubvira pakutanga? Zvino hama dzangu, munoyeuka kuti uyu ndiwo waive mutauro wavo.

25 Uye handiti ivo vakati: Ngatitorei zvombo tivarwise, kuti tivaparadze nezvitadzo zvavo tivabvise munyika, nokuti vanganangotirwisa vakatiparadza.

26 Asi tarisai, hama dzangu dzinodiwa, takauya murenje tisina pfungwa yekuparadza hama dzedu, asi pfungwa yedu yaive yekuti dai taponesa imwe mweya yavo.

27 Zvino mwoyo yedu payakanga yaderera, uye tave kuda kudzokera, tarisai, Ishe “vakatinyaradza, uye vakati: Endai mukati mehama dzenyu, maRamani, uye mutakure ^bnekutirira ^cmatambudziko enyu, uye ini ndichakupai kuti mubudirire.

28 Uye zvino tarisai, tauya, tikaenda pakati pavo; uye tange takagadzikana mukutambudzika kwedu, uye tikatambudzika zvakasiyana-siyana pamusana pekushaya; hongu, tafamba imba nomba, tichivimba netsitsi dzenyika—kwete

20a 2 Ni. 1:13;
Hir. 3:29–30.

21a NKM Munhu
weNyama.
b I VaKori. 2:9–16;
Jak. 4:8.

22a Aruma 36:4–5.
NKM Rutendeuko.
b NKM Rutendo.
c NKM Zvakavandika
zvaMwari.
24a Mosaya 10:11–17.

b Mosaya 13:29.
27a Aruma 17:9–11.
b NKM Mwoyo Murefu.
c Aruma 20:29–30.
NKM Matambudziko.

tsitsi dzenyika chete asi netsitsi dzaMwari.

29 Uye takapinda mudzimba dzavo uye tikavadzidzisa, uye takavadzidzisa mumigwagwa yavo; hongu, uye takavadzidzisa mumakomo avo; uye takapindawo nemumatemberi avo nemumasinagogo avo uye tichivadzidzisa; uye tikatandanisirwa kunze, tikasveeredzwa, uye tikasvipirwa, tikarohwa matama nembama; uye tikatemwa nematombo, uye tikatorwa tika-sungwa netambo dzakasimba, uye tikakandwa mutirongo; uye kuburikidza nesimba neungwaru hwaMwari, takasunungurwa zvakare.

30 Uye tatambudzika kwose kurwadziswa kwakasiyana-siyana, uye zvose izvi, zviri zvataiita tichiti zvimwe tingave nzira yekuponesa mweya mumwechete zvawo; uye taifunga kuti “rufaro rwedu rwaizove rwuzere kana tainge tawana vataponesa.

31 Zvino tarisai, tave kugona kutarisa uye tichiona michero yekushanda kwedu; ko mishoma here? Ndinoti kwamuri, Kwete, “yakawanda; hongu, uye tinogona kuvapupurira kuti vamire pachokwadi, pamusana perudo rwavo kuhama dzavo, nekwatiriwo.

32 Nokuti tarisai, “vangatopira upenyu hwavo pane kuti vauraye kana vavengi vavo chaivo; uye ^bvakacherera zvombo zvavo zvehondo pasi muvhu chaimo,

pamusana perudo rwavainarwo nehama dzavo.

33 Zvino tarisai, ndinoti kwamuri, munyika yose ino mati mambove nerudo rwakakura kudai here? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete, hakuna, kana pakati pemaNifai chaipo.

34 Nokuti tarisai, vaigona kutora zvombo zvavo vakarwisa hama dzavo; havaibvumira kuti vauraiwe. Asi tarisai kuti vangani vakazvipira neupenyu hwavo; uye tinoziva kuti vakaenda kuna Mwari vavo, nenzira yerudo rwavo nekuvenga kwavakanga vakaita chitadzo.

35 Ko zvino hatina chikonzero chekufara here? Hongu, ndinoti kwamuri, hakuna kumbove nevanhu vakanga vaine chikonzero chikuru chekufara kupfuura isu, kubvira kutanga kwakaita nyika; hongu, uye kufara kwangu kukuru zvekuti ndinozvikuudza naMwari vangu; nokuti ane “simba rose, ungaru hwose, nokunzwisisa kwose; ^banoziva zvose zvinhu, uye iye Munhu ane “tsitsi dzinosvika muruponeso, kune avo vanote-ndeuka uye vachitenda muzita ravo.

36 Zvino kana uku kuri kuvzikudza, saka ndichazvikudza; nokuti uhwu ndihwo upenyu hwangu nechiedza changu, rufaro rwangu neruponeso rwangu, nerununuro rwangu kubva munhamo isingaperi nariini. Hongu, rakaropafadzwa zita raMwari vangu, vanochengetedza

30a D&Z 18:15–16.

31a Aruma 23:8–13.

32a Aruma 24:20–24.

^b Aruma 24:15.

35a NKM Simba.

^b D&Z 88:41.

^c NKM Anetsitsi.

vanhu ava, vari “bazi remuti walsraeri, uye vakarasika kubva kune vamwe vavo munyika yevatorwa; hongu, ndinoti, ngariropafadzwe zita raMwari vangu, vakatichengeta, isu ^bvafambi venyika yatisingazive.

37 Zvino hama dzangu, tinoo-na kuti Mwari vanochengetedza “vanhu vose, munyika ipi zva-yo yavari; hongu, vanoverenga vanhu vavo, uye ura hwavo hwetsitsi huri pasi pose. Zvino uyu ndiwo mufaro wangu, nokutenda kwangu kukuru; hongu, ndichatenda Mwari vangu nariini. Amenii.

CHITSAUKO 27

Ishe vanotaurira Amoni kuti atungamirire vanhu vaAndi-Nifai-Rihai kusina njodzi—Asangana naAruma, Amoni anofara zvekuti anobva aneta zvekushaya simba—MaNifai vanopa maAndi-Nifai-Rihai nyika yaJeshoni—Vano-daidzwa kuti vanhu vaAmoni. Zvingangove makore 90 kusvika ku77 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti maRamanii ayo akanga aita hondo nemaNifai akaona kuti, mushure mekunetsana navo vachida kuvaparadza, vakaona kuti zvakaoma kuvaparadza, vakadzokera zvakare kunyika yaNifai.

2 Uye zvakaitika kuti maAmarekai, pamusana pekurasikirwa kwavo, vakashatirwa

zvikuru. Uye zvavakaona kuti havakwanise kutsividza maNifai, vakatanga kumutsa vanhu kuti vashatirirwe “hama dzavo, vanhu ^bvaAndi-Nifai-Rihai; naizvozvo vakatanga zvakare kuvaparadza.

3 Zvino vanhu ava vakaramba “zvakare kutora zvombo zvavo, uye vakabvuma kuti vauraiwe maererano nezvaida vavengi vavo.

4 Zvino Amoni nehama dzake pavakaona basa rekuparadzwa pakati pevanhu avo vavaida zvikuru, nepakati peavo vakange vachivada zvikuru—nokuti vaibatwa nevanhu sekunge ngirozi dzakatumirwa kubva kuna Mwari kuti vazovaponesa kubva mukuparadzwa kusingaperi—naizvozvo, Amoni nehama dzake pavakaona basa rekuparadzwa iri, vakanzwa tsitsi, uye “vakati kuna mambo:

5 Ngatiunganidze vanhu vaIshe ava pamwechete, uye tiende kunyika yeZarahemura kuhama dzedu maNifai, titize tibve mumaoko emhandu dzedu, kuti tisaparadzwe.

6 Asi mambo akati kwavari: Tarisai, maNifai achatiparadza, pamusana pekuponda nezvitema zvakawanda zvatakaita kwavari.

7 Uye Amoni akati: Ndichienda ndinobvunza kuna Ishe, uye kana vakati kwatiri, tiende kuhama dzedu, munobvuma kuenda here?

36a Gen. 49:22–26;
Jak. 2:25; 5:25.
b Jak. 7:26.

37a Mabasa 10:34–35;

2 Ni. 26:33.
27 2a Aruma 43:11.
b Aruma 25:1.

NKM VaAndi-Nifai-

Rihai.
3a Aruma 24:21–26.
4a Aruma 24:5.

8 Uye mambo akati kwaari: Hongu, kana Ishe vakati kwatiri endai, tichaenda kuhama dzedu, uye tonove nhapwa dzavo kudakara taripa kwose kuponda nezvitema zvose zvatakaita kwavari.

9 Asi Amoni akati kwaari: Hazvisi mumutemo wehama dzedu, wakaiswa nababa vangu, kuti mukati mavo muve "nenhapwa; naizvozvo handei uye tivimbe netsitsi dzehama dzedu.

10 Asi mambo akati kwaari: Bvunza Ishe, uye kana vakati kwatiri endai, tinoenda; nokuti tingapararire munyika muno.

11 Uye zvakaitika kuti Amoni akaenda akanobvunza Ishe, uye Ishe vakati kwaari:

12 Bvisa vanhu ava munyika muno, kuti vasaparare; nokuti Satani abata zvikuru mwoyo yemaAmarekai, avo vari kumutsa maRamani kuti vashatirirwe hama dzavo vavauraye; naizvozvo budai munyika ino; uye vakaropafadzwa vanhu vechizvarwa chino, nokuti ndichavadzivirira.

13 Uye zvino zvakaitika kuti Amoni akaenda uye akanotaurira mambo mazwi ose akanga ataurwa naIshe kwaari.

14 Uye vakaunganidza vanhu vavo vose, hongu, vanhu vose vaIshe, uye vakaunganidza matanga avo ose, uye vakabva vabva munyika iyi, uye vaka-svika murenje raiganhura nyika yaNifai nenyika yaZarahemura,

uye vakauya pedyo nekumuganhu wenyika.

15 Uye zvakaitika kuti Amoni akati kwavari: Tarisai, ini nevamwe vangu tichaenda munyika yaZarahemura, uye imi muchasara pano kudakara tadzoka; uye tichanoedza mwoyo yehama dzedu, kuti vanobvuma here kuti muende munyika yavo.

16 Uye zvakaitika kuti Amoni zvaakanga achienda munyika umu, iye nehama dzake vaka-sangana naAruma, "panzvimbo yakambotaurwa; uye tarisai, uku kwakave kusangana kwakafadza.

17 Zvino "rufaro rwaAmoni rwakave rwukuru zvekuti akanzwa kuzadzwa; hongu, akanga amedzwa norufaro rwaMwari vake, zvekuti akabva ^bapera simba; uye akawira pasi ^czvakare.

18 Zvino rwakanga rwusiri rufaro rwukuru here urwu? Tarisai, urwu rufaro rwusina anorwutambira kunze kweavo vanotendeuka uye vachitsvaka kufara nokupfava.

19 Zvino rufaro rwaAruma pakusangana nehama dzake rwakanga rwuri rukuru zvecho-kwadi, nerwaAroniwo, rwaOmuna, uye Himunai; asi tarisai rufaro rwavo harwuna kuvapedza simba.

20 Uye zvakaitika kuti Aruma akatungamirira hama dzake vakadzokera kunyika yeZarahemura; nekumba kwake. Uye vakaenda vakanotaurira mutongi "mukuru zvose zvinhu

9a Mosaya 2:13; 29:32,
38, 40.

16a Aruma 17:1-4.

17a NKM Rufaro.
b 1 Ni. 1:7.

c Aruma 19:14.

20a Aruma 4:16-18.

zvakanga zvaitika kwavari munyika yaNifai, pakati pehama dzavo, maRamani.

21 Uye zvakaitika kuti mutongi mukuru akatumira shoko munyika yose, achida kunzwa izwi revanhu maererano nokubvuma hama dzavo, idzo dzakanga dziri vanhu vaAndi-Nifai-Rihai.

22 Uye zvakaitika kuti izwi revanhu rakauya, richiti: Tarisai, tichavapa nyika yeJeshoni, iri kumabvazuva nechekugungwa, rinobatana nenyika yeMaguta, iri kumaodzanyemba kwenyika yeMaguta; uye nyika iyi yeJeshoni ndiyo nyika yatichapa hama dzedu senhaka yavo.

23 Uye tarisai, tichaisa mauto edu pakati penyika yaJeshoni nenyika yaNifai, kuti tidzivirire hama dzedu dziri munyika yeJeshoni; izvi tinozviiitira hama dzedu, pamusoro pekutya kwavo kutora zvombo kuti varwisane nehama dzavo vachitya chitema; uye kutya kwavo kukuru uku kwavaiva nakwo kwakauya pamusana pekutendeuka nokusuwa kwavo kwavakaita, pamusoro pekuponda kwavo kwakawanda nokuipa kwavo kwanyanya.

24 Uye zvino tarisai, izvi tichazviitira hama dzedu, kuti vagare nhaka yenyika yaJeshoni; uye tichaisa mauto edu kuti avachengete kubva kuvavengi vavo, kana ivo vakatipawo chikamu chezvinhu zvavo kuti tiyamurike mukuriritira mauto edu.

25 Zvino, zvakaitika kuti Amoni anzwa izvi, akadzokera

kuvanhu vaAndi-Nifai-Rihai, uye aina Arumawo, murenje, kwavakange vadzika tende dzavo, uye akavazivisa zvose zvinhu izvi. NaArumawo akavataurirawo “kutendeutswa kwake, naAmoni naAroni, nehama dzake.

26 Uye zvakaitika kuti izvi zvakakonzera kufara kukuru pakati pavo. Uye vakadzika kunyika yeJeshoni, uye vakatora nyika yeJeshoni; uye vaka daidzwa nemaNifai kunzi vanhu vaAmoni; saka kubvira panguva iyoyo vakange vave kuzivikanwa nezita iroro.

27 Uye vakanga vari pakati pevanhu vaNifai, uye vakanga vachiverengerwawo kuvanhu vakanga vari vechechi yaMwari. Uye vakanga vachizivikanwawo nepamusana pekushinga kwavo muna Mwari, nekuvanhuwo; nokuti vakanga vari vanhu “vanovimbika zvechokwadi uye vakati twasu muzvinhu zvose; uye vakanga ^bvakasimba murutendo muna Kristu, kana kusvika kumagumo.

28 Uye vakanga vasingamboda zvavo kunzwa nezvekudeura ropa rehama dzavo; uye zvakanga zvisingamboita kuti vaudzwe kuti vatore zvombo zvekurwisa hama dzavo; uye vakanga vasingatarise rufu nekutya, pamusoro petariro nekuziva kwavo Kristu nekumuka kuvakafa; naizvozvo, rufu rwakanga rwakakurirwa kwavari mukukundwa kwarwakaitwa naKristu.

29 Naizvozvo, vaibvuma “kufa nenzira inorwadza kwazvo vachirwadziswa nehama dzavo, vasati vatora munondo kana chipanga kuvabaya.

30 Uye saka vakanga vari vanhu vakashinga uye vanodiwa, vanhu vaidiwa zvikuru naIshe.

CHITSAUKO 28

MaRamani anokundwa muhondo yakaoma — Makumi ezviuru vanouraiwa — Vakaipa vachaiswa mudambudziko risingaperi; vakarurama vanowana kufara kusingagume. Zvingangove makore 77 kusvika ku76 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mu-shure mekunge vanhu vaAmoni vagadzwa munyika “yeJeshoni, uye maiswawo chechi munyika yeJeshoni, uye mauto emaNifai adyarwa-dyarwa munyika yeJeshoni, hongu, kumuganhu yose yenyika yeZarahemura; tarisai mauto emaRamani akanga atevera hama dzavo murenje.

2 Uye nokudaro pakave nehondo yakaoma kwazvo; hongu, hakuna kumbenge kwakaita hondo yakadaro yakambozivikanwa kana kuonekwa nevanhu venyika iyi kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema; hongu, uye makumi ezviuru zvamaRamani akauraiwa uye vakapararira kune dzimwe nzvimbo.

3 Hongu, uye kwakabaiwawo vazhinji mukati memaNifai; zvakadaro, maRamani “akati-

nhwa akaita barara-mwanda, uye vanhu vaNifai vakadzokera zvakare kunyika yavo.

4 Uye zvino iyi yaive nguva yakanga iine kuchema nekuwuwura kukuru kwakanzwikwa munyika yose, mukati mevanhu vose vaNifai —

5 Hongu, kuchema kweshirika-dzi dzaichemera varume vadzo, nekwemadzibaba aichemera vanakomana vavo, uye mwanasikana achichemera hanzvadzi, hongu, hanzvadzikomana ichichemera baba; saka kuchema kwakanzwikwa mukati mavo vose, vachichemera hama dzavo dzakanga dzabaiwa.

6 Uye zvino chokwadi iri raive zuva rizere nokusuwa; hongu, nguva yekudumbirwa, uye nguva “yekutsanya kwakanyanya nekunamata.

7 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechigumi nemashanu rekutonga kwevatongi muvanhu vaNifai;

8 Uye ndirwo rungano rwaAmoni nehama dzake, nzendo dzavo munyika yaNifai, kutambudzika kwavo munyika umu, kusuwa kwavo, nokurwadziswa kwavo, norufaro rwavo “rwusinganzwisisike, nokutambirwa nokuchengetedzwa kwehama munyika yaJeshoni. Uye zvino Ishe, Mununuri wevanhu vose, vangaropafadze mweya yavo nokusingaperi.

9 Uye urwu rwungano rwehondo nokupesana mukati memaNifai, nehondo pakati memaNifai nemaRamani; negore

rechigumi nemashanu rekutonga kwevatongi kupera kwaro.

10 Uye kubvira gore rekutanga kusvika kugore rechigumi nemashanu kwakauya kuparadzwa kweupenyu hwezviuru nezviuru; hongu, kwakaunza kuitika kwekuona kudeuka kweropa.

11 Uye mitumbi yezviuru zvakawanda yakarinzwa muvhu, mimwe mitumbi yezviuru zvizhinji iri ^akuora yakaturikidzanniswa pamusoro penyika; hongu, uye zviuru zvizhinji zvirib^bkuchema nokurasikirwa kwavakaitwa nehama dzavo, nokuti vane chikonzero chekuti vave vanoty, maererano nezvakavimbiswa naIshe, kuti vakaiswa munhamo isina magumo.

12 Zviuru nezviuru zvevamwe zvichichema zvehokwadi kurasikirwa nehama dzavo, asi vanofara uye vachisimudzirwa mukutarisira, uye vanotoziva, maererano ^anevimbiso dzaIshe, kuti vanosimudzwa kuti vagare kuruoko rwerudyi rwaMwari, vari murufaro rwusingaperi.

13 Uye ndiko kuona kwatinoita ^akusaenzana kwemunhu kukuru kunokonzerwa nechitema nokutadza, nesimba radhiabhrosi, rinouya ^bnemazano eku nyengedza raakaita kuteya mwoyo yevanhu.

14 Uye saka tinoona kudaidzwa kukuru kwekuti tibate zvine simba ^amubindu reminzabviringa

raIshe; uye saka tinoona chikonzero chikuru chekusuwa, nechokufarawo—kusuwa nenzira yekufa nekuparadzwa kuri muvanhu, nerufaro nenzira ^byechiedza chaKristu muupenyu.

CHITSAUKO 29

Aruma anoda kudaidzira kutendeuka nesimba rengirozi—Ishe vanopa vadzidzisi kumarudzi ose—Aruma anobwinya mubasa raIshe nemukubudirira kwaAmoni nehama dzake. Zvingangove makore 76 Kristu asati azvarwa.

DAI ndaiva ngirozi, uye ndichiwana zvinodiwa nemwoyo wangu, kuti ndiende ndichitaura sehvamanda yaMwari, nezwi rinozunguza nyika, uye ndichidaidzira kutendeuka kuvanhu vose!

2 Hongu, ndaizotaura kumweya yose nezwi rinenge mheni, kutendeuka nehurongwa kwerununuro, kuti vatendeuke uye ^avauye kuna Mwari vedu, kuti kusazove nekusuwa zvakare pamusoro penyika.

3 Asi tarisai, ndiri munhu, uye ndinoita zvitema mukuda kwangu; nokuti ndakafanira kugutswa nezvinhu zvandakagoverwa naIshe.

4 Handifanire kukanganisa chirevo chakasungwa chakasiimba chaMwari vanoenzanisa pamusoro pezvandinoda,

11a Aruma 16:11.
b Aruma 48:23;
D&Z 42:45–46.
12a Aruma 11:41.
13a 1 Ni. 17:35.

b 2 Ni. 9:28.
14a NKM Munda
wemizambiringa
waIshe.
b NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.
29 2a Omu. 1:26;
3 Ni. 21:20.

nokuti ndinoziva kuti vanopa vanhu “sezvido zvavo, kana dai rwuri rufu kana upenyu; hongu, ndinoziva kuti vanogovera vanhu, hongu, vanovapa mirau isingapindurwe, maererano ^bnokuda kwavo, kana zviri zveruponeso kana zvekuparadzwa.

5 Hongu, uye ndinoziva kuti zvakanaka nezvakaipa zvinouya kuvanhu vose; uyo asingazive chakaipa nechakanaka haashorwe; asi uyo “anoziva zvakaipa nezvakanaka, kuna iyeyo kunopiwa maererano nezvaanenge achida, kana achida zvakanaka kana zvakaipa, upenyu kana rufu, kufara kana kusuwa ^bmupfungwa.

6 Zvino, sezvo ndichiona kuti ndinoziva zvinhu izvi, ndinodirei zvimwe pane kuti ndiite basa randakadaidzirwa kuti ndiite?

7 Ko ndinodirei kuti dai ndiri ngirozi, kuti ndikwanise kutaura kumativi ose enyika?

8 Nokuti tarisai, Ishe vanopa kumarudzi “ose, werudzi rwavo ^bnerurimi rwavo, kuti adzidzise shoko ravo, hongu, muungwaru zvose ^czvavanoona kuti vakafanira kuve nazvo; naizvozvo tinoona kuti Ishe vanoraira neruzivo, maererano nezvakarurama uye zviri muchokwadi.

9 Ninoziva icho chandakarirwa naIshe, uye ndinochifarira. Handizvirumbidze ini pachangu, asi “ndinorumbidza icho

chandakaturirwa naIshe; hongu, uye ndiko kufara kwangu, kuti zvimwe ndingave mudziyo mumaoko aMwari wekuunza mumwe mweya mukutendeuka; uye urwu ndirwo rufaro rwangu.

10 Uye tarisai, kana ndichiona hama dzangu dzakatyoka zvechokwadi, uye vachiuya kuna Ishe Mwari vavo, ipapo mwoyo wangu unobva wadzwa nerufaro; ipapo ndinobva ndayeuka “izvo zvandakaitirwa naIshe, hongu, kana kuti vakanzwa mutero wangu; hongu, ndinobva ndayeuka ruoko rwavo rwetsitsi rwavakanditambudzira.

11 Hongu, uye ndinobva ndayeukawo usungwa hwemadzibaba angu; nokuti ndinoziva nechokwadi kuti “Ishe vakavaburitsa muusungwa, uye naizvozvo akamisa chechi yavo; hongu, Ishe Mwari, Mwari vaAbrahama, Mwari vaIsaka, naMwari vaJakobo, vakavaburitsa muusungwa.

12 Hongu, ndinogarorangarira usungwa hwemadzibaba angu; uye ivavo Mwari vamwechetevo “vakavabvisa mumaoko emaEgipita, vakavabvisa muusungwa.

13 Hongu, uye ivavo Mwari vamwechetevo vakamisa chechi yavo mukati mavo; hongu, uye Mwari vamwechetevo vakandidaidza kubasa dzvene, kuti ndiparidze shoko kuvanhu ava,

4a Mpi. 37:4.

^b NKM Kuzvisarudzira.

5a 2 Ni. 2:18, 26;

Moro. 7:15–19.

NKM Kuziva

kuburikiodza

neMweya, Chipu che.

^b NKM Hana.

8a 2 Ni. 29:12.

^b D&Z 90:11.

^c Aruma 12:9–11.

9a Aruma 26:12.

10a Mosaya 27:11–31.

11a Mosaya 24:16–21;

Aruma 5:3–5.

12a Eks. 14:30–31.

uye vakandipa kubudirira kukuru, uko kunoita kuti “rufaro rwangu rwuve rwakazara.

14 Asi handingofara nekubudirira kwangu ini ndega, asi rufaro rwangu rwunonyanya kuzara pamusana “pekubudirira kwehama dzangu, avo vanga vari munyika yaNifai.

15 Tarisai, vakashanda zvaka-pfuuridza, uye vakaunza michero mizhinji; uye mubairo wavo uchakura sei!

16 Zvino, kana ndikafunga nokubudirira kwehama dzangu idzi mweya wangu unotakurwa, kana kunge uchasiyana nemuviri, sezvazvakange zvirindiko kukura kwakaita rufaro rwangu.

17 Uye zvino dai Mwari vava, hama dzangu idzi, kuti vagare muumambo hwaMwari; hongu, neavo vose vanove ndiyo michero yekushanda kwavo kuti vasazobuda zvakare, asi kuti vavakudze nariini. Uye Mwari vangaite here kuti zviitwe maererano nemazwi angu, kana sekutaura kwandaita. Amenii.

CHITSAUKO 30

Koriho asingadi Kristu, anoseka Kristu, Rudzikinuro, nemweya wechiporofita—Anodzidzisa kuti hakuna Mwari, hakuna kupunzika kwemunhu, hakuna kurangwa pamusoro pechitema, uye hakuna Kristu—Aruma anopupura kuti

Kristu achauya nokutiwo zvoze zvinhu zvinoratidza kuti kuna Mwari—Koriho anoda kutoona chiratidzo uye ndokubva aitwa chimumumu—Dhiabhorosi akazviratidza kuna Koriho sengirozi uye akamudzidzisa zvekutaura—Koriho akatsikwa-tsikwa achibva afa. Zvingangove makore 76 kusvika ku74 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti mushure mekunge “vanhu vaAmoni vagodza munyika yeJeshoni, hongu, mushurewo mekunge maRamani ^batandaniswa munyika, uye vakafa vavo vavigwa nevanhu venyika iyi—

2 Zvino vakafa vavo havana kugona kuverengwa nenzira yekuwanda kwavo; kana vakafa vemaNifai havana kuverengwa—asi zvakaitika kuti mushure mekuviga vakafa vavo, uyewo mushure memazuva ekutsanya, nokuchema, nemunamato, (uye zvakanga zvirimugore rechigumi nematanhatu rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai) kwakatanga kuve nerunyararo munyika yose.

3 Hongu, uye vanhu vakache-rechedza kuchengetedza mirairo yaIshu; uye vakanga vasingaseke mukutevedza “zvisungo zvaMwari, maererano nemutemo waMosesi; nokuti vaidzidziswa ^bkuchengeta mutemo waMosesi kudakara wazadzikiswa.

4 Uye saka vanhu havana kuwana chakavapingaidza mugore rose rechigumi nematanhatu

13a D&Z 18:14–16.

14a Aruma 17:1–4.

30 1a Aruma 27:25–26.
NKM VaAndi-Nifai-

Rihai.

b Aruma 28:1–3.

3a NKM Mutemo
waMosesi.

b 2 Ni. 25:24–27;
Aruma 25:15.

rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

5 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechigumi nemanomwe rekutonga kwevatongi, kwakaramba kuine runyararo.

6 Asi zvakaitika kuti mukupera kwegore rechigumi nemanomwe rekutonga kwevatongi, makauya mumwe murume munyika ye-Zarahemura, uye akange ari "Asingade-Kristu, nokuti akatanga kuparidza achishora huporofita hwakataurwa nevaporofita, maererano nekuuya kwaKristu.

7 Zvino kwakanga kusina mutemo unorambidza munhu "zvaanotenda; nokuti zvakanga zvisingapindirane nekuraira kwaMwari kuti kuve nemutemo unoita kuti vanhu vasaenzane.

8 Nokuti magwaro matsvene anoti: "Sarudzai zuva ranhasi, kuti munoda kushandira ani.

9 Zvino kana munhu akanga achida kushandira Mwari, yaive pundutso yake; kana kuti, kana ainge achitenda muna Mwari yaive pundutso yake kuti avashandire; asi kana ari asingatende kwaari kwakange kusina mutemo wekumuranga.

10 Asi akaponda airangwa "nerufu; uye kana akapamba airangwawo; uye kana akaba airangwawo; uye akapomba airangwawo; hongu, vairangwa kana vaita zvakaipa zvose izvi.

11 Nokuti kwaive nemutemo waiti munhu anofanira kutongwa nemhosva dzake. Zvakadararo, kwakanga kusina mutemo

wairambidza munhu zvaanotenda; naizvozvo, munhu airangwa nemhosva dzaainge aita chete; naizvozvo vose vanhu vaibatwa "zvakaenzana.

12 Uye munhu uyu Asingade-Kristu, ainzi zita rake Koriho, (uye mutemo hawaigona kumbata) akatanga kuparidza kuvanhu kuti hakwaizoita Kristu. Uye ndiyo tsika yaaiparidza nayo, achiti:

13 Imi makasungirirwa pasi peurema noruvimbo rwusipo, ko munozvisungirei nezvinhu zvakapusa kudaro? Ko munotsvagirei Kristu? Nokuti hakuna munhu angazive nezvezvinhu zvichauya.

14 Tarisai, izvi zvinhu zvamunoti huporofita, hwamunoti hwakagashidzwa nevaporofita vatsvene, tarisai, itsika dzeurema hwemadzibaba enyu.

15 Munoziva sei chokwadi chazvo? Tarisai, hamungazive zvinhu "zvamusingaone; naizvozvo hamungazive kuti kuchave naKristu.

16 Munotarisa mberi muchiti kuchave nekuregererwa kwezvitema zvenyu. Asi tarisai, zvinokonzerwa nepfungwa dzakapesana; uye kusatora zvakanaka kwepfungwa dzenyu kunounzwa netsika dzamadzibaba enyu, dzinoita kuti mutende zvinhu zvisiri izvo.

17 Uye nezvimwe zvizhinji zvaakataura kwavari, achivaudza kuti hakungambove nerudzi-kinuro rwungaitwe muzvitema

6a NKM Asingade Kristu.
7a Aruma 1:17.
8a Josh. 24:15.

NKM Kuzvisarudzira.
10a NKM Kuranga nerufu.
11a Mosaya 29:32.

15a Eta 12:5-6.

zvevanhu, asi wose munhu anorarama maererano nokuzvichengetedza kunoita chisikwa; naizvozo wose munhu anobudirira maererano nenjere dzake, nokuti wose munhu anokurira maererano nesimba rake; uye chiri chipi zvacho chingaitwe nemunhu haisi mhosva.

18 Uye ndiko kuparidza kwaakaita kwavari, achitsautsa mwoyo yevazhinji, achivaita kuti vazvikudze nekuipa kwavo, hongu, achitora vakadzi vakawanda, nevarumewo, kuti vanoita upombwe — achivaudza kuti kufa kwemunhu, ndiwo magumo emunhu.

19 Zvino murume uyu akaendawo kunyika yeJeshoni, kunoparidza zvinhu izvi mukati mevanhu vaAmoni, vakambenge vari maRamani.

20 Asi tarisai vakanga vakachenjera kupfuura vazhinji vemaNifai; nokuti vakamutora, vakamusunga, uye vakamutakura vakaenda naye kuna Amoni, akanga ari mupirisita wepamusoro wevanhu ava.

21 Uye zvakaitika kuti akaita kuti atakurwe aburitswe munyika. Uye akauya munyika yaGideoni, uye akatanga kuparidza kwavariwo; uye umu haana kubudirira zvakanyanya, nokuti akatorwa akasungwa uye akatakurwa akaendwa naye kumupirisita wepamusoro, uye nekune mutongi mukuru wenyika.

22 Uye zvakaitika kuti mufundisi wepamusoro akati kwaari: Ko uri kufambirei uchikanganisa

nzira dzaIshe? Ko unodzidzisi-rei vanhu ava kuti hakuchazove naKristu, uchikanganisa kufara kwavo? Ko unorwisiranei nehuropofita hwevaporofita vatsvene?

23 Zvino zita remupirisita wepamusoro rainzi Gidhona. Uye Koriho akati kwaari: Nokuti handidzidzise tsika dzakapusa dzamadzibaba enyu, nokutiwo handidzidzise vanhu ava kuti vazvidzvinyirire nemabasa eureka nokuita zvinhu zvakaiswa nemapirisita vechinyakare, kuti vavatorere simba nemvumo yavo, kuti vavagarise mukusaziva, kuti vasasimudze misoro yavo, asi kuti vaisve pasi maererano nemazwi enyu.

24 Munoti vanhu ava vanhu vakasununguka. Tarisai, ndinoti vari muusungwa. Munoti zviporofita zvechinyakare izvi ndezvechokwadi. Tarisai, ini ndinoti hamuzive kuti ndezvechokwadi here.

25 Munoti vanhu ava vane mhosva uye vakapunzika, nenzira yekutadza kwemubereki. Tarisai, ini ndinoti mwana haangave nemhosva nenzira yevabereki vake.

26 Uye munotiwo Kristu achauya. Asi tarisai, ini ndinoti hamuzive kuti kuchave naKristu here. Uye munotiwo achaurairwa “zvitadzo zvenyika —

27 Uye nokudaro munoisa vanhu ava mukutevedza zveurema hwetsika dzamadzibaba enyu, uye maererano nezvamunoda imi; uye munogara makavadzvinyirira, kana kunge vari

muusungwa, kuti mupfume pamusana pebasa remaoko avo, kuti vasatarise nekushinga, kuti vasanakirwe nezvavainazvo nezvavanoda.

28 Hongu, havakwanise ku-shandisa zvinhu zvavo nokuti vanotyana kugumbura vapirisita, vanovaisa pajoki kana vachida, uye vakaita kuti vatende, netsika dzavo nekurota kwavo nepfungwa dzavo nezviratidzo zvavo nezvakavanzika zvavo zvekunyepera, kuti vazviite, kana vasina kuita maererano nemazwi avo, vanogumbura mumwe munhu asingazivikanwe, avanoti ndiMwari—munhu asina kumboonekwa kana kuzivikanwa, asina kumbovepo asingazombovepo.

29 Zvino mupirisita wepamusoro nemutongi mukuru pavakaona kuoma kwemwoyo wake, hongu, pavakaona kuti anogona kutuka kana Mwari, havana kupindura mazwi ake; asi vakaita kuti asungwe; uye ndokubva vamuisa mumaoko emapurisa, uye ndokumutumira kunyika yeZarahemura, kuti aendeswe kuna Aruma, nagavhuna akange ari kutonga nyika yose iyoyo.

30 Uye zvakaite kuti paakendeswa kuna Aruma nemutongi mukuru, akataura chaizvo sekutaura kwaakanga amboita munyika yaGideoni; hongu, akataura “zvekutuka Mwari.

31 Uye akasimuka akataura nemazwi “ekushatirwa kuna Aruma, uye akatuka vapirisita nevadzidzisi, achivapa mhosva

yekunyengera vanhu vachitevedza tsika dzisina maturo dzamadzibaba avo, kuti vagopfuma nebasa revanhu.

32 Zvino Aruma akati kwaari: Unozviziva kuti hatizvipfumise nebasa rinoitwa nevanhu ava; nokuti tarisai ndakashanda kana kubvira kutanga kwekutonga kwevatongi kusvika zvino, ndichishanda nemaoko angu aya kuzviriritira, ndisingaverenge nzendo dzangu zhinji ndichitenderera nenyika ndichiparidza shoko raMwari kuvanhu vangu.

33 Uye ndisingaverenge mabasa andaita mazhinji muchechi, handina kana “senine imwe zvayo yandakambotambira semubairo webasa rangu; kana neumwe-wehama dzangu, kunze kwekunge ndichitonga ndiri muchigaro chekutonga; uye zvino tinotambiriswa zviri maererano nenguva yedu zviri zviri mumutemo wenguva yedu.

34 Uye zvino, kana pasina chatinotambira mubasa redu rechechi, ko zvinotibatsirei kuti tishande muchechi kunze kwekutaura chokwadi, kuti tigofara “mukufara kwehama dzedu?

35 Zvino ko notaurirei kuti tinoparidzira vanhu ava kuti tiwane mubairo, asi iwe pachako, uchiziva kuti hatigashire mubairo? Uye zvino, unoti here tiri kunyengedza vanhu ava, zvinokonzera kufara kwakadai mumwoyo yavo?

36 Uye Koriho akamupindura akati, Hongu.

37 Uye zvino Aruma akati

kwaari: Unotenda here kuti kuna Mwari?

38 Uye akapindura kuti, Kwete.

39 Zvino Aruma akati kwaari: Unoramba zvakare here kuti kuna Mwari, uye unorambawo Kristu? Nokuti tarisai, ndinoti kwaari, ndinoziva kuti kuna Mwari, nokutiwo Kristu achauya.

40 Uye zvino iwe une uchapupu hwei hwekuti hakuna “Mwari, kana hwekuti Kristu haauye? Ndinoti kwaari hauna, kunze kwekutaura kwako chete.

41 Asi tarisai, ndine zvinhu zvose “seuchapupu hwekuti zvinhu zvose izvi ndezvechokwadi; kana iwe une zvinhu zvose seuchapupu kwaari hwekuti ndezvechokwadi; uye ungazvirambe here? Unotenda here kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi?

42 Tarisai, ndinoziva kuti unozvitenda, asi wakabatwa nemweya wekunyepa, uye wakabvisa Mweya waMwari kuti ushaye nzvimbo mauri; asi dhiabhorosi ane simba pauri, uye anokutakura kwose-kwose, achishanda nzira dzekuti aparadze vana vaMwari.

43 Zvino Koriho akati kuna Aruma: Kana ukandiratidza “chiratidzo, kuti ndipwiswe kuti kuna Mwari, hongu, ndiratidze kuti vane simba, ndipo pandinozopwiswa nezvechokwadi chemazwi ako.

44 Asi Aruma akati kwaari: Wakaona zviratidzo zvakakwana; ungaedze Mwari vako here?

Ungati here, Ndiratidze chiratidzo, uine uchapupu hwehama dzako “dzose idzi, ne vaporofita vatsvene vose? Magwaro matsvene akaiswa pamberi pako, hongu, uye ^bzvose zvinhu zvinoratidza kuti kuna Mwari; hongu, kana “nyika, nezvinhu zvose zviri pamusoro payo, hongu, “nokufamba kwayo, hongu, “nezvinhuwo zvose zvinofamba nemurongerwo wazvo zvinopupura kuti kune Musiki Mukuru.

45 Uye iwe unoenda, uchirasisa mwoyo yevanhu ava, uchipupura kwavari kuti hakuna Mwari? Uye ungazvirambe here uchipokana pamberi pevapupuri vose ava? Uye akati: Hongu, ndichazviramba, kunze kwekunge wandiratidza chiratidzo.

46 Uye zvino zvakaitika kuti Aruma akati kwaari: Tarisai, ndasuwa pamusana pekuoma kwemwoyo wako, hongu, kuti uchiri kuramba mweya wechokwadi, kuti mweya wako uparadzwe.

47 Asi tarisai, zviri “nani kuti mweya wako uraswe pane kuti uve honzeri yekuti mweya mizhinji iende mukuparadzwa, nokunyepa kwako nemazwi ako ekunyengedza; saka kana ukaramba zvakare, tarisai Mwari achakurova, kuti uve chimumumu, kuti usazozurura muro-mo wako zvakare, kuti usazonyengedza vanhu ava zvakare.

48 Zvino Koriho akati kwaari: Handirambe kuvepo kwaMwari,

40a Mpi. 14:1.
41a NKM Mupupuri.
43a Jak. 7:13–21;
D&Z 46:8–9.

NKM Chiratidzo.
44a Mosaya 13:33–34.
b Mpi. 19:1;
D&Z 88:47.

c Jobo 12:7–10.
d Hir. 12:11–15.
e Mos. 6:63.
47a 1 Ni. 4:13.

asi handitende kuti kuna Mwari; uye ndinotiwo, iwe hauzive kuti kuna Mwari; uye kunze kwekunge wandiratidza chiratidzo, handizobvuma.

49 Zvino Aruma akati kwaari: Ichi ndicho chandichakupa sechiratidzo, kuti “uchaitwa chimumumu, maererano nemazwi angu; uye ndinoti, muzita raMwari, uchaitwa chimumumu, kuti hauchazove anotaura.

50 Zvino Aruma ataura mazwi aya, Koriho akave chimumumu, zvekuti haana kuzogona kutaura, maererano nemazwi aAruma.

51 Uye zvino mutongi mukuru paakaona izvi, akatambanudza ruoko rwake akanyorera Koriho, achiti: Wapwiswa here pamusoro pesimba raMwari? Wati Aruma akuratidze chiratidzo chaani? Unoda kuti arove vamwe here, kuti akuratidze chiratidzo? Tarisai, akuratidza iwe chiratidzo; uye zvino uchine nharo here?

52 Uye Koriho akatambanudza ruoko rwake akanyora, achiti: Ndinoziva kuti ndave chimumumu, nokuti handichagona kutaura; uye ndinoziva kuti hakuna chimwe chingandidaro kunze kwesimba raMwari; hongu, ndagara “ndichiziva kuti kuna Mwari.

53 Asi tarisai, dhiabhorosi “akandinyengedza; nokuti ^bakauya kwandiri sengirozi, uye akati kwandiri: Enda unodzora vanhu ava, nokuti varasika vachitevera Mwari vasingazivi-

kanwe. Uye akati kwandiri: “Hakuna Mwari; hongu, uye akandidzidzisa zvinhu zvekutaura. Uye ndakadzidzisa mazwi ake; uye ndakaadzidzisa nokuti aifadza kupfungwa “yenyama; uye ndakaadzidzisa, zvekuti ndakabudirira kwazvo, zvekuti zvirokwazvo ndakatenda kuti ndeekhwadi; uye nenzira iyi ndakaramba chokwadi, kana kusvika pari zvino ndazviunzira kutukwa uku.

54 Zvino ataura izvi, akakumbira kuti Aruma anamate kuna Mwari, kuti abviswe kutukwa kwaakanga aitwa.

55 Asi Aruma akati kwaari: Kana kutukwa uku kukabviswa pauri uchanonyengedza mwoyo yevanhu ava zvakare; naizvozvo, zvicharamba zvakadaro sekuda kwaIshe.

56 Uye zvakaitika kuti kutukwa uku hakuna kubviswa pana Koriho; asi akatandirwa kunze, uye akafamba imba nemba achipemha zvekudya.

57 Zvino zvakanga zvaitika kuna Koriho zvakashambadzwa nokukurumidza zvikati tekeshe nenyika yose; hongu, gwaro rakatumirwa nemutongi mukuru kuvanhu vose vemunyika iyi, richitaura kuvanhu vose vakanga vatenda mazwi aKoriho kuti vakafanira kutendeuka nokukurumidza, nokuti kutingwa kwaakaitwa kungangoi-twawo kwavari.

58 Uye zvakaitika kuti vose vakave vanopwiswa pamusoro

49a II Mak. 13:20.

52a Aruma 30:42.

53a Jak. 7:14.

b II VaKori. 11:14;

2 Ni. 9:9.

c Mpi. 10:4.

d NKM Zvenyama.

pehuipi hwaKoriho; naizvozvo vose vakadzokera kunalshe zvakare; uye izvi zvikamisa kutadza maererano netsika dzaKoriho. Uye Koriho aifamba imba namba, achikumbira kudya kuti ararame.

59 Uye zvakaitika kuti zvaafamba mukati mevanhu, hongu, mukati mevanhu vakanga vazvitsaura kubva kumaNifai uye vakazvidaidza kuti maZoramumu, uye vaitungamirwa nemurume ainzi Zoramumu—uye nekufamba kwaaiita mukati mavo, tarisai, akapunzirwa pasi uye akatsikwa-tsikwa, kudakara atofa.

60 Uye saka tinoona gumisiro yeuyo akakanganisa nzira dzaIshe; uye saka tinoona kuti ^adhiabhorosi ^bhaazotsigira vana vake muzuva rekupedzisira, asi kuti anokurumidza kuvazvuzvurudzira ^ckugehena.

CHITSAUKO 31

Aruma anotungamira basa rekudzosa avo vakanga varasika vemaZoramumu—MaZoramumu vanoramba Kristu, vanotenda tsika yenhema yekusarudzwa, uye vachinamata neminamato yakanyorwa—Vadzidzisi vanozadzwa neMweya Mutsvene—Matambudziko avo anomedzwa nerufaro rwaKristu. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti mushure memagumo aKoriho, Aruma atambira nyaya dzekuti maZoramumu akanga achisvibisa nzira dzaIshe, nokuti Zoramumu, uyu akanga ari mutungamiri wavo, akange achitungamira mwoyo yevanhu kuti ^avapfugamire ^bzvifananidzo zvisingataure, mwoyo wake wakatanga ^ckurwara zvakare nenzira yezvitadzo zvevanhu.

2 Nokuti zvaikonzera ^akusuwa kukuru kuna Aruma kuziva kuti mune kutadza mukati mevanhu vake; naizvozvo mwoyo wake wakasuwa zvikuru pamusana pekutsaurana kwakaita maZoramumu nemaNifai.

3 Zvino maZoramumu akanga aungana pamwechete munyika yavaidaidza kuti Andionumu, yakange iri kumabvazuva kwenyika yeZarahemura, yaive yakaganhurana negungwa, rakanga riri kumaodzanyemba kwenyika yajeshoni, inoganhurana nerenje rekumaodzanyemba, renje iri riri rakanga rizere nemaRamani.

4 Zvino maNifai aitya zvikuru kwazvo kuti maZoramumu angapinde mukufambidzana nemaRamani, uye vachiti chizove chikonzero chekurasikirwa kukuru kwazvo kwavari maNifai.

5 Uye zvino, sezvo ^akuparidzwa ^bkweshoko ^ckwaiita kuti

60a NKM Dhiabhorosi.

^b Aruma 3:26–27;

5:41–42;

D&Z 29:45.

^c NKM Gehena.

31 1a Eks. 20:5;

Mosaya 13:13.

^b 2 Ni. 9:37.

NKM Kunamata

Zvifananidzo.

^c Aruma 35:15.

2a Mosaya 28:3;

3 Ni. 17:14;

Mos. 7:41.

5a Eno. 1:23;

Aruma 4:19.

NKM Paridza.

^b VaH. 4:12; Jak. 2:8;

Aruma 36:26.

^c Jar. 1:11–12;

D&Z 11:2.

vanhu vaite zvakarurama—hongo, rakanga rapinda mupfungwa dzevanhu kupfuura zvaiitwa nemunondo, kana chimwe chinhu zvacho, chakanga chaitika kwavari—naizvozvo Aruma akafunga kuti zvaifanira kuti vamboedza kunaka kweshoko raMwari.

6 Saka akatora Amoni, naAroni, naOmuna; uye Himunai akamusiya muchechi kuZarahe-mura; asi vatatu vekutanga akaenda navo, naAmureki naZiziromu, vakanga vari kuMereki; uye akatorawo vaviri vevanakomana vake.

7 Zvino mwanakomana wake mukuru haana kuenda naye, uye zita rake rainzi ^aHiramani; asi mazita eavo vaakaenda navo vainzi Shibhuroni naKoriandoni; uye aya ndiwo mazita evaakaenda navo pakati ^bpemaZoramamu, kuti vavaparidzire shoko.

8 Zvino maZoramamu vakanga ^avakatiza kubva kumaNifai; naizvozvo vakanga vakanzwa shoko raMwari richiparidzwa kwavari.

9 Asi vakanga ^avawira mukukanganisa kukuru, nokuti vakanga vasisacherechedze kuchengetedza mirairo yaMwari, nemirau yake, maererano nemutemo waMosesi.

10 Vakanga vasisacherechedze zvemabasa echechi, kuramba vachinamata nokuchemera Mwari zuva rega-rega, kuti vasapinde mukuedzwa.

11 Hongu, muchidimbu, vaka-

svibisa nzira dzalshe muzvinhu zvizhinji; naizvozvo, nenzira yechikonzero ichi, Aruma nevamwe vake vakaenda munyika iyi kunovaparidzira shoko.

12 Zvino, zvavakanga vasvika munyika umu, tarisai, vakashamiswa kwazvo kuona kuti maZoramamu vakanga vavaka masinagogo, nokuti vaiungana pamwechete muzuva rimwechete resvondo, zuva iroro vairidaidza kuti zuva raIshe; uye vainamata netsika yakanga isina kumbenge yakaonekwa naAruma nevamwe vake;

13 Nokuti vaive nenzvimbo yakanga yakavakwa pakati pesinagogo yavo, nzvimbo yekumira, yakanga yakareba kupfuura musoro; uye kumusoro kwacho kwaikwana munhu mumwechete.

14 Naizvozvo, ani zvake ainge achida ^akunonamata aienda onomira pamusoro pachu, uye otambanudza maoko ake akatarisa kudenga, uye ochema nezwi guru, achiti:

15 Vatsvene, vatsvene Mwari; tinotenda kuti ndimi Mwari, uye tinotenda kuti muri vatsvene, uye nokuti maive mweya, nokuti muri mweya, nokuti muchagara muri mweya nariini.

16 Mwari vatsvene, tinotenda kuti makatitsautsanisa nehama dzedu; uye hatitenderane netsika dzehama dzedu, dzavakatambidzwa nehwana hudiki hwamadzibaba avo; asi tinotenda kuti ^amakatisarudza kuti

7a NKM Hiramani,
Mwanakomana
waAruma.

b Aruma 30:59.
8a Aruma 24:30.
9a NKM Kurasika

Pachitendero.
14a Mat. 6:1–7.
16a Aruma 38:13–14.

tive vana venyu ^bvatsvene; uye makatiitawo kuti tizive kuti hakuchazove naKristu.

17 Asi muri zvamakanga makaita nezuro, nhasi, nariini; uye “makatisarudza kuti tizoponeswa, ava vose vakatikomberedza vakasarudzwa kuti vakandwe nehasha dzenyu pasi mugehena; nokutipa utsvene uhwu, imi Mwari, tinokutendai; uye tinokutendaiwo kuti makatisarudza, kuti tisatorwe netsika dzeurema hwehama dzedu, dzinovasunga kuti vatende kuti kuna Kristu, zvinoita kuti mwoyo yavo iende kure nemi, Mwari vedu.

18 Uye zvakare tinokutendai imi, Mwari, kuti tiri vakasarudzwa uye vanhu vatsvene. Amen.

19 Zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma nevamwe vake nevanakomana vake vanzwa minamoto iyi, vakashamiswa zvakanyanya.

20 Nokuti tarisai, wose munhu aienda mberi kunoita minamoto mimwecheteyo.

21 Zvino nzvimbo iyi vaiidaidza kuti Rameumbutomu, iyo, kana zvadudzirwa, zvinoreva kuti nzvimbo tsvene.

22 Zvino, vari panzvimbo iyi vaiisa wose munhu, munamoto mumwechetewo kuna Mwari, vachitenda Mwari vavo kuti vakasarudzwa naiye, nokuti haana kuvati vatevedze tsika dzehama dzavo, nokuti mwoyo

yavo haina kubiwa kuti vatende kuti kune zvinhu zvichauya, zvakavakanga vasingazive.

23 Zvino, mushure mekunge vanhu vose vava kutenda kwavo netsika iyi, vaidzokera kumisha yavo, “vasingazotaura nezvaMwari vavo zvakare dakara vaungana zvakare panzvimbo tsvene, kuti vapire kutenda kwavo netsika yavo.

24 Zvino Aruma paakaona izvi mwoyo wake “wakarwadza; nokuti akaona kuti vakanga vari vanhu vakaipa vakarasika vakasviba; hongu, akaona kuti mwoyo yavo yakanga iri pagoridhe, nepasirivha, nepazvinhu zvakasiyana-siyana zvakanaka.

25 Hongu, akaonawo kuti mwoyo yavo yakanga “yakasimudzirwa mukuzvikudza, mukudada kwavo.

26 Uye akasimudza izwi rake kudenga, uye “akachema, achiti: Imi Ishe, kusvika riini muchibvumira varanda venyu kuti vagare pano pasi munyama, vachiona kuipa kwakadai mukati mevana vevanhu?

27 Tarisai, Mwari, “vanochema kwamuri, asi mwoyo yavo yakamedzwa nekuzvida kwavo. Tarisai, Mwari, vanochema kwamuri nemiromo yavo, asi ivo ^bvakatutuma, nekuzvikudza, nezvinhu zvisina basa zvenyika.

28 Tarisai, Mwari vangu, nhumbi dzavo dzinokosha, nemhete dzavo, “nemakoza avo, nezvishongo zvavo zvegoridhe, nezvose

16b Isa. 65:3, 5.

17a NKM Chisina Maturo.

23a Jkb. 1:21-25.

24a Gen. 6:5-6.

25a Jak. 2:13;

Aruma 1:32.

26a Mos. 7:41-58.

27a Isa. 29:13.

^b NKM Kudada.

28a Isa. 3:16-24.

zvakaKosha zvakakashonga; uye tarisai, mwoyo yavo igere pazviri, uye asi ivo vanochemba kwamuri vachiti—Tinokute ndai imi Mwari, nokuti tiri vanhu vakasarudzwa nemi, vamwe vachifa.

29 Hongu, uye vanoti makaita kuti zvizivikanwe kwavari kuti hakuchazove naKristu.

30 Ishe Mwari, kusvika riini muchibvumira kuti kuipa kwakadai nokusatenda uku kuve mukati mevanhu ava? Nhai Ishe, mungandipe simba here, kuti ndikurire kusasimba kwangu. Nokuti handina simba, uye kuipa kwakadai mukati mevahnhu ava kunorwadzisa mweya wangu.

31 Ishe, mwoyo wangu wasuwa zvikuru kwazvo; mungazorodze mweya wangu “muna Kristu. Nhai Ishe, mungandipe here kuti ndive nesimba, kuti nditambudzike nokupfava matambudziko achauya pandiri, nenzira yokutadza kwevanhu ava.

32 Ishe, mungazorodze mweya wangu here, uye mugondipa kubudirira, uyewo vashandi vamwe vaneni—hongu, Amoni naAroni, naOmuna, naAmurekiwo naZiziromu, nevanakomana vangu “vaviri—hongu, kana vose ava muvape zororo, Ishe. Hongu, mungazorodze here mweya yavo muna Kristu.

33 Mungavape here kuti vawane simba, kuti vatakure ma-

tambudziko avo ayo achauya kwavari pamusoro pekutadza kwevanhu ava.

34 Ishe, mungape “kwatiri kuti tiwane kubudirira mukuvaunza zvakare kwamuri muna Kristu.

35 Tarisai Ishe, “mweya yavo inokosha, uye vazhinji vavo ihama dzedu; naizvozvo, tipei isu Ishe, simba nenjere kuti tiunze ava, hama dzedu, kwamuri zvakare.

36 Zvino zvakaitika kuti Aruma zvaakanga ataura mazwi aya, “akaisa ^bmaoko ake pane vose avo vakanga vainaye. Uye tarisai, zvaavaro va nemaoko ake, vakazadzwa neMweya Mutsvene.

37 Uye mushure mezvo vakatsaukana, “vasina kumbofunga nezvavo kuti vanodyei, kana kuti vachanwei, kana kuti vachapfekei.

38 Uye Ishe vakavapa zvekuti vasafe nenzara, kana kunzwa nyota; hongu, uye akavapawo simba, kuti vasazowana “chinovatambudza, kunze kwekumedzwa murufaro rwaKristu. Zvino izvi zvaive maererano nemuteuro waAruma; uye izvi zvakaitika nokuti ainamata ^bnerutendo.

CHITSAUKO 32

Aruma anodzidzisa varombo avo vakanga vakapfava nenzira ye-

31a Joh. 16:33.

32a Aruma 31:7.

34a 2 Ni. 26:33.

35a NKM Mweya (Mweya neMuviri)—Kukosha

kwemweya.

36a 3 Ni. 18:36–37.

^b NKM Maoko,

Kugadzwa kwe.

37a Mat. 6:25–34;

3 Ni. 13:25–34.

38a Mat. 5:10–12;

Mosaya 24:13–15;

Aruma 33:23.

^b NKM Rutendo.

nhamo dzavo—Rutendo itarisiro yeicho chatisingakwanise kuona asi chiri chokwadi—Aruma anopupura kuti ngirozi dzinoparidza kuvavume, vakadzi, navana—Aruma anofananidza shoko nembeu—Inofanira kudyarwa nokuiswa mupfudze—Yozokura kuva muti umo munozotanhwa muchero woupenyu hwokusingaperi. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti vakaenda, vakatangisa kuparidza shoko raMwari kuvanhu, vachipinda mumasinagogo avo, nomudzimba dzavo; hongu, uye vaiparidza shoko kunyange mumi-gwagwa yavo.

2 Uye zvakaitika kuti shure kwokuita basa rakati kuti pakati pavo, vakatangisa kubudirira pakati pavanhu ^avarombo; nokuti tarisai, vaitandirwa kunze kwemasinagogo nokuda kwekusatsvinda kwezvipfeko zvavo—

3 Naizvozvo vakanga vasingabvumidzwe kupinda mumasinagogo avo kuti vanamate Mwari, vachionekwa savanhu vane tsvina; naizvozvo vaiva varombo; hongu, vaionekwa nehama dzavo semarara; naizvozvo vakanga vari ^avarombo kuzvinhu zvose zvenyika; uyewo vakanga vari varombo mumwoyo.

4 Zvino, apo Aruma aidzidzisa nokutaura kuvanhu pagomo rainzi Onaidha, kwakauya mhomo huru kwaari, vaiva avo vavo vatanga tichitaura nezvavo,

avo vakanga vari ^avarombo mumwoyo, pamusana pokushaya kwavo zvinhu zvenyika.

5 Uye vakauya kuna Aruma; uyo akanga ari pamberi pavo vose akati kwaari: Tarisai, idzi hama dzangu ^ddzichaitei, nokuti dziri kushorwa navanhu vose pamusana pokushaya kwavo, hongu, kunyanya navapirisita vedu; nokuti ^bvakatitandanisa mumasinagogo atakavaka nemaoko edu; uye vakatikanda kunze pamusana pokushaya kwedu kukuru; saka hatina nzvimbo yokunamatira Mwari vedu; uye tarisai, tichaita ^csei?

6 Uye zvino apo Aruma akanzwa izvi, akatendeuka kwaari, chiso chake chakamutarisa, akaona nokufara kukuru; nokuti akaona kuti zvechokwadi ^amatambudziko avo akanga ^bavaninipisa, uye kuti vakanga ^cvagadzirira kunzwa shoko.

7 Naizvozvo haana kuzotaura zvakanwanda kune rumwe ruzhinji, asi akatambanudza ruoko rwake, akachema kune avo vakanga akatarisa, vakanga vakasuwa zvechokwadi, akati izvo kwavari.

8 Ndaona kuti ^amakazvininipisa pamwoyo; kana zvakadaro, makakomborerwa imi.

9 Tarisai mumwe wenyu ati, Ko zvino tichaita sei?—nokuti takatandaniswa kumasinagogo edu, kuti tisanamata Mwari vedu.

10 Tarisai ndinoti kwamuri,

32 2a NKM Murombo.

3a Aruma 34:40.

4a NKM Murombo—
Murombo mumweya.

5a Zir. 18:23.

b Aruma 33:10.

c Mabasa 2:37–38.

6a NKM Matambudziko.

b NKM Akazvininipisa.

c Aruma 16:16–17;

D&Z 101:8.

8a Mat. 5:3–5.

munofunga here kuti “munonamata Mwari kana muri munasinagogo enyu chete?

11 Zve zvakare, ndingakubvunzei, kuti munofunga here kuti hamunganamate Mwari kunze kwekamwechete pasvondo?

12 Ndinoti kwamuri, zvakanaka kuti makatandaniswa kumasinagogo enyu, kuti muzvininipise, uye kuti mudzidze ungaru; nokuti zvakananira kuti mudzidze “ungaru; nokuti ndicho chikonzero muri kukandwa kunze, nokuti muri kushorwa nehama dzenyu nokuda ^bkwehurombo hwenyu hukuru, kuti maunzwa pakuzvininipisa kwemwoyo; nokuti zvakananira kuti muunzwe pakuzvininipisa.

13 Uye zvino, nokuti manikidzwa kuti muzvininipise makomborerwa; nokuti munhu pane dzimwe nguva, kana amanikidzwa kuzvininipisa, anotsvaka kutendeuka; uye zvino zvechokwadi, uyo wose anotendeuka achawana tsitsi; uye uyo anowana tsitsi “achishinga kusvika kumagumo iyeye achaponeswa.

14 Uye zvino, sezvandataura kwamuri, nokuti makamanikidzwa kuti muve munozvininipisa makakomborerwa, ko hamufunge here kuti vanofanirwa kunge vakakomborerwa zvikuru avo vanozvininipisa zvechokwadi nenzira yeshoko?

15 Hongu, uyo anozvininipisa zvechokwadi, achitendeuka ku-

bva pazvivi zvake, achishingirira kusvika kumagumo, iyeye achakomborerwa — hongu, achakomborerwa kupfuura avo vanozvininipisa nenzira yeurombo hwavo.

16 Naizvozvo, vakakomborerwa avo “vanozvininipisa vasi na kumanikidzwa kuti vazvininipise; kana kuti, namamwe mazwi, akakomborerwa uyo anotenda kushoko raMwari, uye achibhabhatidzwa asina musikanzwa pamwoyo, hongu, uye asati aunzwa pakuziva shoko, kana kumanikidzwa kuti azive, asati atenda.

17 Hongu, vakawanda avo vanoti: Kana mukatiratidza “chiratidzo kubva kudenga, ndipo patichaziva zvechokwadi; uye tozotenda.

18 Zvino ndinobvunza, uku ndiko kutenda here? Tarisai, ndinoti kwamuri, Kwete; nokuti kana munhu achiziva chinhu haana chikonzero “chokutenda, nokuti anochiziva.

19 Uye zvino, anotukwa zvakadii uyo “anoziva zvinoda Mwari asi asingazviite, pane uyo anotenda, kana kuti uyo anechikonzero chete chekutenda, uye owira mukutadza?

20 Zvino pachinhu ichi munofanira kutonga. Tarisai, ndinoti kwamuri, zviru kuruoko rwumwechete sezvazviru kune rumwe; uye zvichazove kumunhu wose maererano namabasa ake.

21 Uye zvino sekutaura kwandaita maererano nokutenda—

10a NKM Kunamata.

12a Mpa. 4:13.

^b Zir. 16:8.

13a Aruma 38:2.

16a NKM Akazvininipisa.

17a NKM Chiratidzo.

18a Eta 12:12, 18.

19a Joh. 15:22–24.

“kutenda hakuzi kuva noruzivo chairwo rwezvinhu; naizvozvo kana mune kutenda ^bmunotarira zvinhu ‘zvamusingaone, asi zviri zvechokwadi.

22 Uye zvino, tarisai, ndinoti kwamuri, ndinoda murangarire, kuti Mwari vane tsitsi kune vose vanotenda muzita ravo; naizvozvo vanoda, chokutanga, kuti mutende, hongu, kutenda shoko ravo.

23 Uye zvino, vanotumira shoko ravo kuvanhu nengirozi, hongu, “kwete kuvarume chete asi kuti nokuvakadziwo. Zvino izvi hazvisizvo chete; ^bvana vaduku vanopiwa mazwi panguva dzakawanda, ayo anonyadzisa vakachenjera nevakadzidza.

24 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, sezvo mada kundiziva muchaita sei sezvo muri kurwadziwa nokurasirwa kuzve — zvino handidi kuti muve munofunga kuti ndave kukutongai maererano neizvo chete zvinova zviri zvechokwadi —

25 Nokuti handirevi kuti imi mose makamanikidzwa kuti muzvininipise; nokuti zvirokwazvo ndinotenda kuti pane vamwe pakati penyu vanozvininipisa, nyangwe pari papi pavangave.

26 Zvino, sezvandakataura maererano nokutenda — kuti rwakanga rwusiri ruzivo chairwo — nemazwi angu akadarowo. Hamungazive chokwadi

chawo pakutanga, kupfuura kuziva kuti kutenda ruzivo chairwo.

27 Asi tarisai, kana mukange mamuka nokusimudzira pfungwa dzenyu, kunyange nokuedza mazwi angu, nokuita chimedu chokutenda, hongu, kunyange “mukada zvenyu kusada kutenda, itai kuti chido ichi chishande mamuri, kunyange kusvikira matenda kuti mupe nzvimbo kune mamwe emazwi angu.

28 Zvino, tichaenzanisa shoko “nembeu. Zvino, kana muchinge mapa nzvimbo, kuti ^bmbeu idyarwe ‘mumwoyo yenyu, tarisai, kana iri mbeu yechokwadi, kana kuti mbeu yakanaka, kana musingairasire kunze “nokusatenda kwenyu, kuti muchiramba Mweya waIshe, tarisai, inotangisa kuzvimba muzvipfuva zvenyu; uye kana monzwa kuzvimba uku, muchatanga kuti pachenyu — Iyi inofanirwa kunge iri mbeu yakanaka, kana kuti shoko racho rakanaka, nokuti inotanga kukudza mweya wangu; hongu, inotangisa kujekesa “kunzwisisa kwangu, hongu, inotangisa kutapira zvikuru kwandiri.

29 Zvino tarisai, izvi hazvingapamhidzire kutenda kwenyu here? Ndinoti kwamuri, Hongu; zvisinei hazvo haruna kusvika pakuve ruzivo chairwo.

30 Asi tarisai, mbeu zvainofuta,

21a Joh. 20:29;
VaH. 11.
b NKM Tariro.
c Eta 12:6.
23a Joere 2:28–29.

b Mat. 11:25;
Ruka 10:21;
3 Ni. 26:14–16;
D&Z 128:18.
27a Marko 11:24.

28a Aruma 33:1.
b Ruka 8:11.
c NKM Mwoyo.
d Mat. 17:20.
e NKM Kunzwisisa.

uye, nokutungira, yotangisa kukura, zvino makafanira kuti iyi imbeu yakanaka; nokuti tarisai inofuta, nokutungira, nokutangisa kukura. Uye zvino, tarisai, hazvivosimbise rutendo rwenyu here? Hongu, zvichasimbisa kutenda kwenyu: nokuti muchati ndinoziva kuti iyi imbeu yakanaka; nokuti tarisai yatungira ikatanga kukura.

31 Uye zvino, tarisai, mune chokwadi here kuti iyi imbeu yakanaka? Ndinoti kwamuri, Hongu; nokuti mbeu imwe neimwe inounza “zvaka fanana nayo.

32 Naizvozvo, kana mbeu ikakura yakanaka, asi ikarega kukura, tarisai, haina kunaka, naizvozvo inorasirwa kunze.

33 Uye zvino tarisai, nokuti makaedza zvinhu izvi, mukadyara mbeu, uye ikafuta nokutungira, ikatangisa kukura, munofanira kuziva kuti imbeu yakanaka.

34 Uye zvino, tarisai, “ruzivo rwenyu ndirwo chairwo here? Hongu, ruzivo rwenyu ndirwo chairwo muchinhu ichocho, ^bkutenda kwenyu kwakakotsira; uye izvi nokuti munoziva, nokuti munoziva kuti shoko rakafuta mumweya yenyu, uye munozivawo kuti rakatungira, uye kuti kunzwisisa kwenyu kunotangisa kujekeswa, uye ^cpfungwa dzenyu dzinotanga kukura.

35 Ko zvino, ichi hachisi chokwadi here? Ndinoti kwamuri, Hongu, nokuti ichi “chiedza;

uye chose chiri chiedza chakanaka, nokuti chinoonekwa; naizvozvo munofanira kuziva kuti chakanaka; zvino tarisai, kana muchinge maedza chiedza ichi ruzivo rwenyu rwave chairwo here?

36 Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; zve hamufanire kuisa parutivi kutenda kwenyu, nokuti maratidza kutenda kwenyu nokudyara mbeu sokuedza kuti muzive kuti mbeu yakanaka here.

37 Uye tarisai, muti zvauchatangira kukura muchati: Ngatiuchengetedze zvakanaka, kuti uite midzi, uye kuti ukure, uye utiunzire michero. Uye zvino tarisai, kana mukauchengetedza zvakanakwana unoita midzi, nokukura, nokubereka michero.

38 Asi “mukarega kuuchengetedza, musina hanya nezvaunoda, tarisai hauzoita midzi; uye kana kupisa kwezva kwauya kunoupisa, zve nokushaya midzi unosvava, imi moudzura mourasira kunze.

39 Zvino, hazvirevi kuti mbeu iyi yange isina kunaka, kana kuti muchero wacho hawaidiwa; asi pamusana pekuti “ivhu renyu harina chinhu, uye hamuzopi zvokudya kumuti, naizvozvo hamuzowana michero yawo.

40 Uye ndizvo, kana mukachengetedza shoko, muchitarisira neziso rokutenda kumuchero

31a Gen. 1:11-12.

34a NKM Ruzivo.

b Eta 3:19.

c NKM Pfungwa.

35a Joh. 3:18-21.

NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

38a NKM Kurasika

Pachitendero.

39a Mat. 13:5.

wacho, hamuchazokwanisi kutanha muchero “womuti woupenyu.

41 Asi kana mukachengetedza shoko, hongu, nokupa muti kudya apo unenge wave kutangisa kukura, nokutenda kwenyu nesimba rose, “nokutirira, muchitarisira kumuchero, uchava nomudzi; tarisai uchazova muti ^buchakura nokuva muti woupenyu husingaperi.

42 Uye nokuda “kwokusimba kwenyu nokutenda kwenyu mukupfavirira nokuchengetedza shoko, kuti ritore midzi mamuri, tarisai mukufamba kwenguva muchatemha ^bmichero, inova yakakoshesesa, iyo inotapira kupfuura zvinhu zvose zvinotapira, yakachena kupfuura zvinhu zvose zvakachena, hongu, nokururama kupfuura zvinhu zvose zvakarurama; uye muchadya muchero uyu kusvikira mazadzwa, kuti musazova nzara, kana kuva nenyota.

43 Zvino, hama dzangu, muchakohwa mibairo yokutenda kwenyu, nokusimba kwenyu, nokupfavirira kwenyu, nemwoyo murefu, muchimirira muti kuti ukupei zvibereko.

CHITSAUKO 33

Zenosi akadzidzisa kuti vanhu vanofanira kunamata nekurumbidza munzvimbo dzose uye nokutiwo

kutongwa kunobviswa pamusana peMwanakomana—Zenoki aidzidzisa kuti tsitsi dzinoitwa nenzira yeMwanakomana—Mosesi akanga asimudza murenje chainge Mwanakomana waMwari. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

ZVINO mushure mekunge Aruma ataura mazwi aya, vakatumira kwaari vachida kuudzwa kuti vangadaire muna Mwari “vamwechete, kuti vawane muchero uyu waakanga ataura, kana kuti vangadyare sei ^bmbeu iyi, kana shoko raakanga ataura, raakati rakafanira kudyarwa mumwoyo yavo; kana tsika yavangatange nayo kushandisa rutendo rwavo.

2 Uye Aruma akati kwavari: Tarisai, makati “hamaikwanisa kunamata Mwari wenyu nokuti makabviswa mumasinagogo enyu. Asi tarisai, ndinoti kwamuri, kana muchifunga kuti hamunganamate Mwari, muri kukanganisa zvikuru, uye makafanira kunzvera ^bmagwaro matsvene; kana muchifunga kuti izvi ndizvo zvaakakudzidzisa, hamuanzwisise.

3 Munorangarira here muchiverenga zvakataurwa “naZenosi, muporofita wepasicigare, mae-rerano nokunamata kana ^bkurumbidza?

4 Nokuti akati: Imi mune tsitsi, Mwari, nokuti makanzwa munamato wangu, kana zvanda-

40a Gen. 2:9;

1 Ni. 15:36.

41a NKM Mwoyo Murefu.

^b Aruma 33:23;

D&Z 63:23.

42a NKM Hushingi.

^b 1 Ni. 8:10–12.

33 1a 2 Ni. 31:21;

Mosaya 15:2–4.

^b Aruma 32:28–43.

2a Aruma 32:5.

^b Aruma 37:3–10.

3a NKM Magwaro

Matsvene—Magwaro

Matsvene akarasika;

Zenosi.

^b NKM Kunamata.

kange ndiri murenje; hongu, makanga muzere netsitsi panda-kanamata pamusoro pevakanga vari “vavengi vangu, uye imi mukavateudzira kwandiri.

5 Hongu Mwari, uye makanga muzere netsitsi kwandiri zvandaichema kwamuri ndiri “mumunda mangu; zvakachema kwamuri mumunamato wangu, uye makandinzwa.

6 Uye zvakare Mwari, zvanda-kaenda kumba kwangu maka-ndinzwa mumunamato wangu.

7 Uye pandakapinda “mukamba kangu kemukati, Ishe, uye ndikanamata kwamuri, maka-ndinzwa.

8 Hongu, imi muzere netsitsi kuvana venyu kana vachinge vachema kwamuri, kuti vanzwikwe nemi kwete nevanhu, uye imi munozovanzwa.

9 Hongu Mwari, makazadzwa netsitsi pamusoro pangu, uye mukanzwa kuchema kwangu pakati pemakungano enyu.

10 Hongu, uye makandinzwawo “ndaraswa nokushorwa nevavengi vangu; hongu, makanzwa kuchema kwangu, uye mukashatirirwa vavengi vangu, uye mukavaranga mukushatirwa kwenyu nekuvaparadza nokukurumidza.

11 Uye makandinzwa pamusana pematambudziko angu nekumira pachokwadi kwangu; uye zviri zvakonzerwa neMwanakomana wenyu kuti muve netsitsi dzakadaro kwandiri,

naizvozvo ndichachema kwamuri mumatambudziko angu ose, nokuti mamuri ndimo mune rufaro rwangu; nokuti makabvisa kwandiri kunditonga kwenyu, nenzira yeMwanakomana wenyu.

12 Uye zvino Aruma akati kwavari: Munoatenda here iwayo “magwaro matsvene akanyorwa nevechinyakare?

13 Tarisai, kana muchiatenda, makafanira kutenda zvakataurwa “naZenosi; nokuti, tarisai akati: Mabvisa kunditonga kwenyu nenzira yeMwanakomana wenyu.

14 Zvino tarisai, hama dzangu, ndinobvunza kuti makaverenga magwaro here? Kana makaverenga, munotadza sei kutenda muMwanakomana waMwari?

15 Nokuti “hazvina kunyorwa kuti Zenosi ega ndiye akataura nezvezvinhu izvi, asi kana ^bZenoki akataurawo pamusoro pezvinhu izvi—

16 Nokuti tarisai, akati: Mashatirwa Ishe, nevanhu ava, nokuti havanzwisise tsitsi dzenyu dzamakavaitira nenzira yeMwanakomana wenyu.

17 Uye zvino, hama dzangu, munoona kuti muporofita wepasichigare wechipiri apupura nezveMwanakomana waMwari, uye nenzira yekuti vanhu havana kunzwisisa mazwi ake “vakamutema nematombo akafa.

18 Asi tarisai, izvi hazvizi-zvo zvose; ava havazivo vega

4a Mat. 5:44.

5a Aruma 34:20–25.

7a Mat. 6:5–6;

Aruma 34:26.

10a Aruma 32:5.

12a NKM Magwaro matsvene.

13a Aruma 34:7.

15a Jak. 4:4.

^b 1 Ni. 19:10; Aruma 34:7.

17a NKM Kuponderwa Chitendero.

vakataura zvirira maererano ne-Mwanakomana waMwari.

19 Tarisai, akataurwa nezvake “naMosesi; hongu, uye ^bchirati-dzo chacho ^cchakasimudzwa murenje, kuti ani zvake aichitarisa aipona. Uye vazhinji vakatarisa vakapona.

20 Asi vashoma vakazvinzwisisa zvazvaira zvinhu, uye izvi zvichikonzerwa neukukutu hwemwoyo yavo. Asi kwaive nevazhinji vakanga vakaoma zvekuti havana kumbotarisa, naizvozvo vakafa. Zvino chikonzero chakaita kuti vasatarise ndechekuti vakanga vasingatende kuti ^achaizovarapa.

21 Hama dzangu, dai maiponeswa nekungokanda maziso enyu chete kuti muponeswe, hamaizviita nokukurumidza here, kana kuti maiomesa mwoyo yenyu nokusatenda, uye moita nungo, zvekuti hamaizokanda kanda maziso enyu, zvekuti maifa?

22 Kana zvakadaro, nhamo ichauya kwamuri: asi kana zvisiri izvo, saka kandai-kandai maziso enyu ^amutange kutenda muMwanakomana waMwari, kuti achauya kuzonunura vanhu vake, uye nekuti achatambudzika agofa kuti ^badzikinure zvitema zvavo; uye nokuti ^cachamuka zvakare kuvakafa, zvichaita kuti kuite ^dkumuka kwevakafa, kuti vanhu vose vachamira pamberi pake, kuti vatongwe

muzuva rekupedzisira rekutongwa, maererano ^enemabasa avo.

23 Uye zvino, hama dzangu, ndinodisa kuti dai ^amadyara shoko iri mumwoyo yenyu, uye kana richitanga kufuta ridiridzirei nerutendo rwenyu. Uye tarisai, uchaita muti, ^buchimera kubva mamuri kusvika muupenyu husingaperi. Uye zvino Mwari vachakuita kuti ^cmitoro yenyu ireruke, kuburikidza nerufaro rweMwanakomana wavo. Uye zvose izvi munogona kuvziita kana muchida. Amen.

CHITSAUKO 34

Amureki anopupura kuti shoko riri muna Kristu mukuponeswa — Kunze kwokunge rudzikinuro rwa-itwa vanhu vose vanofa — Mitemo yose yaMosesi inonongedzera kukuzvipira kwoMwanakomana waMwari — Hurongwa hwerununuro rwokusingaperi huri mukutenda nokutendeuka — Namatirai maropafadzo enyama nomweya kuti muwane makomborero — Upenyu huno inguva yokuti munhu agadzirire kusangana naMwari — Shandirai ruponeso rwenyu nokutya pamberi paMwari. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti shure kwokunge Aruma ataura mazwi aya kwavari akagara pasi, uye ^aAmureki akasimuka akatangisa kuvadzidzisa, achiti:

19a Deut. 18:15, 18;
Aruma 34:7.
b Num. 21:9;
2 Ni. 25:20;
Mosaya 3:15.
c Joh. 3:14; Hir. 8:14–15.

20a 1 Ni. 17:40–41.
22a Aruma 32:27–28.
b Aruma 22:14; 34:8–9.
c NKM Kumuka
Kuvakafa.
d Aruma 11:44.

e NKM Mabasa.
23a Aruma 33:1; 34:4.
b Aruma 32:41;
D&Z 63:23.
c Aruma 31:38.
34 1a Aruma 8:21.

2 Hama dzangu, ndinofunga kuti hazvizi nyore kuti muve vanhu vasingazive zvinhu zvakataurwa pamusana pokuuya kwaKristu, anodzidziswa nesu kuti Mwanakomana waMwari; hongu, ndinoziva kuti zvinhu “izvi zvakadzidziswa kwamuri kazhinji musati mabva matiri.

3 Uye sezvo makumbira hama yangu inodiwa kuti akuzivisei kuti mungaite sei, pamusoro pematambudziko enyu; uye ataura kwamuri kuti mugadzirire pfungwa dzenyu; hongu, uye akukurudzirai kuti mutende nokupfava—

4 Hongu, kana kuti muve nokutenda kukuru kuti “mudyare shoko mumwoyo yenyu, kuti muedze kunaka kwaro.

5 Uye tiri kuona kuti mubvunzo mukuru uri mupfungwa dzenyu ndewekuti shoko ringave muMwanakomana waMwari here, kana kuti hapachazove naKristu.

6 Uye zvakare maona kuti mumwe wangu akuratidzai, panguva dzakawanda, kuti “shoko riri muna Kristu pakuponeswa.

7 Mukoma wangu akataura mazwi aZenosi, kuti rununuro rwunouya kuburikidza noMwanakomana waMwari, uyezve napamazwi aZenoki, uyezve akataura kuna Mosesi kuti aratidze kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi.

8 Uye zvino, tarisai, “ndinopupura kwamuri pachangu kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi. Tarisai, ndinoti kwamuri, ndinoziva kuti Kristu achauya pakati pavana vavanhu, kuti atakure zvitadzo zvavanhu vake, uye nokuti ave ^banoripira zvivi zvenyika, nokuti Mwari Ishe vakazvitaura.

9 Nokuti zvinofanira kuti “rudzikinuro rwunofanira kuitwa; nokuti nenzira ^byehurongwa hukuru hwaMwari Wokusingaperi kunotofanirwa kuva nokudzikinurwa, kana kuti marudzi ose haaizodzivirirwa mukufa; hongu, vose vakaoma; hongu, vose ^cvakapunzika nokurasika, uye munofanira kufa kunze kwokunge kudzikinurwa kwavapo uko kunofanira kuitwa.

10 Nokuti zvinofanira kuti kupirwe “mupiro mukuru wekupedzisira, hongu, kwete mupiro wemunhu, kana wemhuka, kana weshiri ipi zvayo, nokuti hauzova mupiro wemunhu, asi kuti uve mupiro ^busingavereungeke uye ^cwokusingaperi.

11 Zvino hakuna munhu angapire ropa rake kuti riripire zvivi zvomumwe. Zvino, kana munhu achinge aponda, tarisai mutemo wedu, “wakarurama, unoti mukoma wake ngaauraiwe here? Ndinoti kwamuri, Kwete.

12 Asi mutemo unoda upe nyu hwaiye anenge “auraya;

2a Aruma 16:13-21.

4a Aruma 33:23.

6a Joh. 1:1, 14.

8a NKM Pupura.

^b NKM Dzikinura.

9a Aruma 33:22.

^b Aruma 12:22-33;

Mos. 6:62.

^c NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

10a Mos. 5:6-7.

^b 2 Ni. 9:7.

^c NKM Kupira.

11a Deut. 24:16;

Mosaya 29:25.

12a NKM Kuranga nerufu; Kuponda.

naizvozvo hakuna chimwe chinhu chisiri rudzikinuro rwusingaverengeke chinokwanisa kuripira zvivi zvenyika.

13 Naizvozvo, kunofanirwa kunge kune kupira kukuru kwepedzisira, zvino kwozove, kana kuti kunofanirwa kunge kune, ^akumiswa kwekudeuka kweropa; zvino ^bmutemo waMosesi unozozadzikiswa, hongu, uchazadzikiswa wose, kose kamhunzi nekose katsanga uye hapana chinenge chapfuura.

14 Uye tarisai, izvi ndizvo ^azvinoreva ^bmutemo, chinhu chose chinongedzera ^ckumupiro mukuru wekupedzisira, uye mupiro mukuru uyu wekupedzisira anenge ari Mwanakomana waMwari, hongu, anogara nokusingaperi.

15 Uye nokudaro achazounza ^aruponeso kune avo vose vachatenda muzita rake; ichi chiri chinangwa chemupiro wekupedzisira uyu, kuti aunze tsitsi dziri muura, idzo dzinokunda kuenzanisa, uye nokuunza nzira kuvanhu kuti vave nokutenda mukutendeuka.

16 Uye zvararo ^atsitsi dzingagutse kuda kwose ^bkwokuenzanisa, nokuvafungata nemaoko anochengetedza, kune uyo asingaratidze kutenda mukutendeuka anoiswa kumutemo wose wezvinodikanwa ^cnekuenzanisa; naizvozvo iyeyo chete

anotenda mukutendeuka ndiye anopiwa ^ahurongwa hukuru hwerununuro rwokusingaperi.

17 Naizvozvo Mwari ngavakubvumirei, hama dzangu, kuti mutange kuratidza ^akutenda kwenyu mukutendeuka, kuti mutangise ^bkudaidza zita ravo dzvene, kuti vakunzwirei tsitsi;

18 Hongu, chemerai tsitsi kwavari; nokuti mukuru pakuponesa.

19 Hongu, zvininipisei, murambe muchinyengetera kwaari.

20 Chemai kwavari kana muri muminda yenyu, hongu, nepamusoro pezvipfuyo zvenyu.

21 ^aChemai kwavari mudzimba dzenyu, hongu, pamusoro pezvemudzimba dzenyu zvose, mangwanani, masikati, namauro.

22 Hongu, chemai kwavari kuti mukunde masimba emhandu dzenyu.

23 Hongu, ^achemai kwavari pamusana ^bpadhiaborosi, anova mhandu ^cyokururama kwose.

24 Chemai kwavari pamusana pezvirimwa zveminda yenyu, kuti mugobudirira mazviri.

25 Chemerai zvipfuyo zvemumakura enyu, kuti zviwande.

26 Asi izvi hazvizi zvose; munofanira kudurura mweya yenyu ^atwumba twenyu twomukati, nenzvimbo dzenyu dzakavanzika, nomumarenje enyu.

27 Hongu, kana musingacheme kuna Ishe, itai kuti ^amwoyo

13a 3 Ni. 9:17, 19-20.
b 3 Ni. 15:5.

14a Aruma 30:3.
b NKM Mutemo waMosesi.

c D&Z 138:35.

15a NKM Ruponeso.

16a NKM Anetsitsi.
b NKM Yenzaniso.
c Aruma 12:32.

d NKM Hurongwa hweRununuro.

17a NKM Rutendo.

b NKM Munamato.

21a Mpi. 5:1-3;
3 Ni. 18:21.

23a 3 Ni. 18:15, 18.

b NKM Dhiaborosi.
c NKM Akarurama.

26a Mat. 6:5-6.

27a NKM Mwoyo.

yenyu ^bizare, muri mumunamato kwavari nguva dzose pamusoro pemagariro akanaka enyu, namagariro akanaka avavo vakakutenderedzai.

28 Uye zvino tarisai hama dzangu dzinodiwa, ndinoti kwamuri, musafunge kuti izvi ndizvo zvose; nokuti shure kwokunge maita zvinhu izvi zvose, kana mukatandanisa ^avanoshaya, nevasina zvokupfeka, musingashanyire vanorwara navanotambudzika, ^bmusingapewo kana munazvo, kune avo vasina—ndinoti kwamuri, kana musingaita chimwe chezvinhu izvi, tarisai, ^cminamoto yenyu ^dhairavi chinhu, haikupii chinhu, uye muri vanyengedzi avo vanoramba kutenda.

29 Naizvozvo, kana musingarangarire ^akuvanetsitsi, makaita semarara anorasirwa kunze, (chinova chinhu chisingakoshi) uye anotsikwa pasi petsoka dzavanhu.

30 Uye zvino hama dzangu, ndingade kuti, shure kwokunge mawana vapupuri vakawanda kudai, muchiona kuti magwaro matsvene anopupura pamusana pezvinhu izvi, uyai muunze ^amuchero wokutendeuka.

31 Hongu, ndingade kuti muuye musaomesa mwoyo yenyu zvakare; nokuti tarisai, iye zvino inguva ^anezuva rokuponeswa kwenyu; naizvozvo mukatende-

uka nokusaomesa mwoyo yenyu, izvozvi zano guru rorununuro rinobva ratoiswa pamuri.

32 Nokuti tarisai, upenyu huno ndiyo nguva yokuti vanhu ^avagadzirire kusangana naMwari, hongu, tarisai zuva reupenyu huno izuva rokuti munhu ave anoita mabasa ake.

33 Uye zvino sezvo ndambotaura kwamuri kare, sezvo makaanzwa uchapupu hwakawanda, naizvozvo, ndinokukumbirai kuti ^amusaverengere zuva renyu ^brokutendeuka kusvikira kumagumo; nokuti shure kwezuva rino roupenyu, iro rakapiwa kwatiri kuti tigadzirire upenyu husingaperi, tarisai, kana tisingashandise nguva yedu zvakanaka tichiri paupenyu huno, kunozouya ^cusiku ^dhutema apo kunenge kuisina basa rinoitwa.

34 Hamuzokwanisa kuti, apo muchaunzwa ^apanguva inotyisa iyoyo, kuti ndichatendeuka, kuti ndichadzokera kuna Mwari vangu. Kwete, hamuzogona kudaro; nokuti mweya mumwechete iwoyo uri mumiviri yenyu panguva yamuchabva muupenyu huno, mweya iwoyo unenge uine simba rokugara mumiviri yenyu munyika yokusingaperi.

35 Nokuti tarisai, kana mukaverengera zuva renyu rokutendeuka kusvikira mafa, tarisai,

27^b NKM Fungisisa.
28^a NKM Murombo.
^b NKM Kupa zvipo.
^c Mat. 15:7–8.
^d Moro. 7:6–8.
29^a NKM Rudo
Rwakadzama.

30^a Mat. 3:8;
Aruma 13:13.
31^a VaR. 13:11–12.
32^a 2 Ni. 2:21;
Aruma 12:24; 42:4–6.
33^a Hir. 13:38;
D&Z 45:2.

^b NKM Rutendeuko.
^c Joh. 9:4;
D&Z 45:17.
^d NKM Rima,
zweMweya; Rufu,
rweMweya.
34^a Aruma 40:13–14.

mava “pasi pemweya wadhia-bhorosi, ^banokubatanidzai kuva vake; naizvozvo, Mweya wa-Ishe unobva mamuri, uye hauna nzvimbo mamuri, dhiabhorosi ane simba rose pamuri; uye izvi ndizvo zvinenge zvaita vakaipa mukupedzisira.

36 Uye izvi ndinozviziva, nokuti Ishe vakati havagare “mutemberi dzisiri tsvene, asi mumwoyo yavakarurama ndimo mavanogara; hongu, uyewo zvakare vakati ^bvakarurama vachagara navo muumambo hwa-vo, havazoenda kunze zvakare; asi nguwo dzavo dzinofanirwa kuitwa chena kuburikidza ne-ropa reGwayana.

37 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, ndinoda kuti murangarire zvinhu izvi, nokutiwo muve “munoshandira ruponeso rwenyu muchitya Mwari; uye nokuti muchirega kuramba zvekuuya kwaKristu;

38 Kuti “musanyunyute pamusoro peMweya Mutsvene, asi kuti muugamuchire, mutakure ^bzita raKristu; kuti muzvininipise kusvikira muguruva, uye “muchinamata Mwari, panzvimbo iri yose yamunenge muri, mumweya nomuchokwadi; muchigara ^dmukutenda mazuva ose, pamusoro petsitsi zhinji nemakomborero avanokupai.

39 Hongu, uyezve ndinokukuridzirai, hama dzangu, kuti mugare “makarindira mukuna-

mata nguva dzose, kuti murege kutungamirirwa ^bnemiedzo yadhia-bhorosi, kuti asakukurirei, kuti musava vanhu vake nezuva rokupedzisira; nokuti tarisai, “hapana chinhu chakanaka ch-anokupai.

40 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, ndinokurudzirai kuti muve “makatirira, kuti mutakure kurwadza kwose zvako; kuti ^bmusamukire avo vanokutandirai kunze pamusana pokushaya kwenyu kukuru; nokuti mungazova vatadzi saivo.

41 Asi kuti muve makapfava, nokushivirira nhamo dzenyu, mune tariro yakasimba yokuti nerimwe zuva muchazorora kubva mumatambudziko enyu.

CHITSAUKO 35

Kuparidzwa kweshoko kunoparadza unyengedzi hwemaZoramu—Vanotandanisa vatendeuki, avo vakabva vanobatana nevanhu va-Amoni kuJeshoni—Aruma anusuwa pamusana pekuipa kwevanhu ava. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti Amureki apedza kutaura mazwi aya, vakabva mukati memhomho yevanhu uye vakabva vaenda kunyika yeJeshoni.

2 Hongu, nevamwe vose vehama, mushure mekunge vaparidza

35a 2 Ni. 28:19–23.

b 2 Ni. 9:9.

36a Mosaya 2:37;

Aruma 7:21;

Hir. 4:24.

b NKM Akarurama.

37a VaF. 2:12.

38a NKM Gakava.

b Mosaya 5:8;

Aruma 5:38.

c NKM Kunamata.

d Mpi. 69:30; D&Z 59:7.

NKM Kupakutendo.

39a NKM Murindiri.

b NKM Chiedzo.

c Aruma 30:60.

40a NKM Mwoyo Murefu.

b D&Z 31:9.

shoko kumaZoramu, naivowo vakaenda kunyika yaJeshoni.

3 Uye zvakaitika kuti avo vakanga vachizivikanwa zvakanjanya pakati pemaZoramu pavakabvunzana maererano nemazwi akanga aparidzwa kwavari, vakashatiriswa neshoko iri, nokuti raiparadza “unyengedzi hwavo; saka havana kuda kuteerera kumazwi aya.

4 Uye vakatumira kuti vanhu vose munyika yose vaungane pamwechete, vakavabvunza pamusana pemazwi akanga ataurwa.

5 Zvino vatongi vavo nevapirisita vavo nevadzidzisi vavo havana kuzivisa vanhu maererano nezvido zvavo; naizvozvo vakatsvaka muruvande zvai fungwa nevanhu.

6 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge vaona zvaifungwa nevanhu, avo vakanga vachida mazwi akanga ataurwa naAruma nehama dzake vakatandanisirwa kunze kwenyika; uye vakanga vakawanda; uye vakauyawo kunyika yeJeshoni.

7 Uye zvakaitika kuti Aruma nehama dzake vakavaparidzira.

8 Zvino vanhu vemaZoramu vakashatirirwa vanhu vaAmoni vakanga vari muJeshoni, uye mutongi mukuru wemaZoramu, semunhu aive neupi, akaraira kuvanhu vaAmoni kuti vatananise vanhu vakanga vapinda munyika yavo.

9 Uye akataura zvizhinji zvekuvatyisidzira. Uye zvino vanhu vaAmoni havana kutya mazwi aya; naizvozvo havana

kuvatandanisa, asi vakagashira vose varombo vemaZoramu avo vakauya kwavari; uye vakavapa “zvokudya, uye vakavapfekezwa, uye vakavapa nyika kuti ive nhaka yavo; uye vakavaitira sezvavaida.

10 Zvino izvi zvakamutsa kushatirwa kwemaZoramu kuti varwisane nevanhu vaAmoni, uye vakatanga kusangana nemaRamani nekuvamutsawo kuti vavashatirirwewo.

11 Uye ndokutanga kwakaita maZoramu nemaRamani kugadzirira hondo yekurwisa vanhu vaAmoni, nemaNifai.

12 Uye ndokupera kwakaita gore rechigumi nemanomwe rekutonga kwevatongi vanhu vaNifai.

13 Uye vanhu vaAmoni vakabva munyika yaJeshoni, uye vakaenda munyika yaMereki, uye vakapa nzvimbo munyika yaJeshoni kumauto emaNifai, kuti varwisane nemauto emaRamani nemauto emaZoramu; uye ndokutanga kwakaita hondo pakati pemaRamani nemaNifai, mugore rechigumi nemasere ekutonga kwevatongi; uye “rungano rwavo rwuchataurwa zvarwo maererano nehondo dzavo mushure.

14 Uye Aruma, naAmoni, nehama dzavo, nevanakomana vaviri vaAruma vakadzokera kunyika yeZarahemura, mushure mekunge vanga vari midziyo mumaoko aMwari yekuunza maZoramu “mazhinji mukute-

ndeuka; uye vose vakatendeuka vakabviswa munyika yavo; asi vane nyika dzavo dzenhaka munyika yaJeshoni, uye vakatora zvombo zvekuzvidzimirira, uye nevakadzi vavo, nevana, nenzvimbo dzavo.

15 Zvino Aruma, asuwiswa nokutadza kwevanhu vake, hongu nehondo, nekudeura ropa, nekunetsana kwaive pakati pavo; uye ari akanga achitaura shoko, kana kuti ari ange atumwa kundotaura shoko, kuvanhu vose muguta rega-rega; nokuona kuti mwoyo yevanhu yakanga yototanga kuoma, nokuti vakanga votanga ^akugumburwa nokuoma kweshoko, mwoyo wake wakasuwa zvikuru.

16 Naizvozvo, akaita kuti vanakomana vake vaungane pamwechete, kuti avagovanise ^amabasa, mumwe nomumwe, zvinhu zvirima maererano nokururama. Uye tine rungano rwe-mirairo yake, yaakapa kwavari maererano nezvinyorwa zvake.

Mirairo yaAruma kumwanakomana wake Hiramani.

Zvichisanganisa zvitsauko 36 ne37.

CHITSAUKO 36

Aruma anopupura kuna Hiramani kutendeutswa kwake mushure mekuona ngirozi—Akatambudzika nekurwadziwa kwemweya wakarasa; akadaidza zita raJesu, uye

ndokubva azvarwa naMwari—Rufaro rwunotapira rwakazadza mweya wake—Akaona mhomho dzengirozi dzichirumbidza Mwari—Vazhinji vakatendeutswa vakaraira uye vakaona sezvaakanga araira akaona. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

^aMWANAKOMANA wangu, isa nzeve kumazwi angu; nokuti ndinopika kwauri, kuti kana uchiteerera chete mirairo yaMwari uchabudirira munyika.

2 Ndinoti dai waita sezvanda-kaita ini, mukuyeuka usungwa hwemadzibaba edu; nokuti vakanga vari ^amuusungwa, uye hakuna akagona kuvasunungura kunze ^bkwaMwari vaAbrahamana, naMwari vaIsaka, naMwari vaJakobo; uye akavabvisa chokwadi mumatambudziko avo.

3 Uye zvino iwe mwana'ngu Hiramani, tarisai, uchiri muujaya hwako, naizvozvo, ndinokunyengetedza kuti dai wanzwa mazwi angu ugodzidza kwandiri; nokuti ndinoziva kuti ani zvake achaisa ruvimbo rwavo muna Mwari vachatsigirwa ^amukuedzwa kwavo, nemumatambudziko avo, nemukurwadziwa kwavo, uye ^bvachasimudzwa muzuva rekupedzisira.

4 Uye handidi kuti mufunge kuti ^andinoziva ndega—kwete zvenyika asi zvemweya, kwete zvepfungwa ^byenyama asi zvaMwari.

5 Zvino tarisai, ndinoti kwamuri, dai ndakanga ndisina

15a NKM Kurasika
Pachitendero.
16a NKM Mutariri.
36 1a Hir. 5:9–14.

2a Mosaya 23:23; 24:17–21.
b Eks. 3:6; Aruma 29:11.
3a VaR. 8:28.
b Mosaya 23:21–22.

4a I VaKori. 2:11;
Aruma 5:45–46.
NKM Ruzivo.
b NKM Zvenyama.

“kuzvarwa naMwari ndingadai
^bndisina kuziva zvinhu izvi; asi
 Mwari, nemuromo wengirozi
 yavo tsvene, vakaita kuti ndizive
 yavo zvinhu izvi, kwete kuti
 ndakanga ^cndakakodzera;

6 Nokuti ndaifamba nevanakomana vaMosaya, tichitsvaka
 “kuparadza chechi yaMwari; asi
 tarisai, Mwari vakatumira ngirozi
 yavo kuti itimise munzira.

7 Uye tarisai, yakataura nesu,
 nezwi raiita sekutinhira kwe-
 mabhanan’ana, uye nyika yose
 “yakazunguzika pasi petsoka
 dzedu; tose tikawira pasi, no-
 kuti takanga tabatwa ^bnokutya
 Ishe.

8 Asi tarisai, izwi rakati kwa-
 ndiri: Simuka. Uye ndikasimu-
 ka ndikamira, ndikaona ngirozi.

9 Uye ikati kwandiri: Kana iwe
 pachako ungaparadzwe, rega
 kuramba uchitsvaka kuparadza
 chechi yaMwari.

10 Uye zvakaikita kuti ndaka-
 wira pasi; uye kukapera mazu-
 va “matatu neusiku hutatu ndi-
 singagone kuzurura muromo
 wangu, kana kushandisa maoko
 kana makumbo angu.

11 Uye ngirozi ikataura ma-
 mwe mazwi kwandiri, akanzwi-
 kwa nevamwe vangu, asi ini
 handina kuanzwa; nokuti pa-
 ndakanzwa mazwi aya—Kana
 iwe uchida pachako kupara-
 dzwa, rega kutsvaka kuparadza
 chechi yaMwari—ndakabatwa
 nekutya kukuru nokushamiswa

kukuru zvekuti ndakati ndinga-
 ngoparadzwa, zvekuti ndakabva
 ndawira pasi uye ndikasazo-
 nzwa chinhu.

12 Asi ndakaparadzwa noku-
 tambudzika “kwokusingaperi,
 nokuti mweya wangu wakanga
 wanetswa zvakakura nokupara-
 dzwa nezvitema zvangu zvose.

13 Hongu, ndakayeuka zvita-
 dzo zvangu zvose nehuipei hwa-
 ngu, “zvandanetswa nazvo
 nekurwadza kwegehena; hongu,
 ndakaona kuti ndakanga ndapa-
 ndukira Mwari vangu, nokutiwo
 ndakanga ndisina kuchengete-
 dza mirairo yavo mitsvene.

14 Hongu, uye ndakanga nda-
 ponda vazhinji vevana vavo,
 kana kuti ndakanga ndavatu-
 ngamirira kunoparadzwa; ho-
 ngu, uye muchidimbu zvitadzo
 zvangu zvakanga zvakura, zve-
 kuti pfungwa yekuti ndiuye pa-
 mberi paMwari yainetsa mweya
 wangu nokutya kusingataurike.

15 Ndaifunga, kuti “ndinga-
 ngotandaniswa ndikasazovepo
 mumweya zvose nemunyama,
 kuti handichazounzwa kuti
 ndimire pamberi paMwari va-
 ngu, kuti nditungwe ^bnezviito
 zvangu.

16 Uye zvino, kwemazuva ma-
 tatu neusiku hutatu ndakanga
 ndichinetswa, kana nokurwa-
 dziwa kwemweya “wakaraswa.

17 Uye zvakaikita kuti zva-
 ndakanga ndichinetswa no-
 kushushikana, “ndichidyiwa

5a NKM Kuberekwa
 naMwari,
 Kuberekwa Patsva.
 b Aruma 26:21–22.
 c NKM Anechiremera.
 6a Mosaya 27:10.

7a Mosaya 27:18.
 b NKM Kutya—Kutya
 Mwari.
 10a Mosaya 27:19–23.
 12a D&Z 19:11–15.
 13a NKM Mhosva, Kuva ne.

15a Zvaka. 6:15–17;
 Aruma 12:14.
 b Aruma 41:3;
 D&Z 1:9–10.
 16a NKM Kuraswa.
 17a II VaKori. 7:10.

nendangariro dzezvitema zvangu zvakawanda, tarisai, ndakarangarirawo kuti ndakambonzwa baba vangu vachiporofita kuvanhu maererano nezvekuuya kwemumwe anonzi Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, kudzikinura zvitema zvenyika.

18 Zvino, ndangariro yangu payakabata papfungwa iyi, ndakachema nechemumwoyo: Jesu Mwanakomana waMwari, ndinzwirei tsitsi, ini ndiri "mukati mekuipirwa, uye ndakakomberedzwa ^bnengetani dzekufa dzisingaperi.

19 Uye zvino tarisai, pandakafunga izvi, handina kuzoyeuka kurwadziwa kwangu kwete; hongu, handina "kuzodiwa nendangariro dzezvitema zvangu.

20 Uye ndakanzwa "kufara, uye ndikaona chiedza chinoshamisa; hongu, mweya wangu wakazadzwa nerufaro rwaipfura kurwadzwa kwangu!

21 Hongu, ndinoti kwauri mwana'ngu, hakuna chingarwadze kupfuura kurwadziwa kwandaitwa. Hongu, uye ndinoti zvakare kwauri, mwangu, nerumwe rutivi, ndinoti hakuna kumwe kutapira kunopfura rufaro rwangu.

22 Hongu, ini ndinofunga kuti ndakaona, sekuona kwakaita baba vedu "Rihai, Mwari vagere pachigaro chavo chekutonga,

vakakombwa nemhomho dzengirozi dzisingaverengeke, uye dzichiimba nokurumbidza Mwari vavo; hongu, uye mweya wangu wakashuwa kuveko.

23 Asi tarisai, maoko nemakumbo angu zvakawana "simba razvo zvakare, uye ndikamira nemakumbo angu, uye ndikaratidza kuvanhu kuti ndakanga ^bndazvarwa munaMwari.

24 Hongu, uye kubvira panguva iyoyo kana kusvika zvino, ndinoshanda ndisingamire, kuti ndiunze mweya mukutendeuka; kuti zvimwe "vangarairewo rufaro rwukuru rwandakanzwa ini; kuti naivowo vazvarwe munaMwari, uye ^bvagozadzwa neMweya Mutsvene.

25 Hongu, uye zvino tarisai, mwana wangu, Ishe vanondipa mufaro mukuru mumichero yekushanda kwangu;

26 Nokuti pamusoro "peshoko ravakandipa, tarisai, vazhinji vakazvarwa muna Mwari, uye vakaraira zvandakaraira, uye vakaona vakatarisana nezvandakaona; naizvozvo vanoziva nezvezvinhu zvandataura, sekuziva kwandinoita; uye ruzivo rwandiinarwo nderwaMwari.

27 Uye ndakatsigirwa mukuedzwa nematambudziko erudzi rwose, hongu, uye nemukurwadziwa kwose, hongu, Mwari vakandibvisa mutirongo, ne-

18a NEMAMWE MAZWI mukusuwa kwakanyanyisa.
b 2 Ni. 9:45; 28:22;
Aruma 12:11;
Mos. 7:26.

19a NKM Mhosva, Kuva ne.

20a NKM Rufaro.
22a 1 Ni. 1:8.
23a Mos. 1:10.

b Aruma 5:14.
NKM Kuberekwa naMwari,

Kuberekwa Patsva.

24a 1 Ni. 8:12;
Mosaya 4:11.

b 2 Ni. 32:5;
3 Ni. 9:20.

NKM Mweya Mutsvene.

26a Aruma 31:5.

mumajoto, nemurufu; hongu, uye ndinoisa ruvimbo rwangu mavari, uye vanondibvisa “nokundiburitsa.

28 Uye ndinoziva kuti “vachandisimudza musu wekupezdisira, kuti ndigare navo ^bmukubwinya; hongu, uye ndichavarumbidza nariini, nokuti ^cvakaburitsa madzibaba edu munyika yeEgipita, uye vakamedzesa ^dmaEgipita neGungwa Dzvuku; uye vakavatungamirira nesimba ravo kuenda kunyika yavakavimbiswa; hongu, uye vaivabvisa muusungwa nehutapwa nguva nenguva.

29 Hongu, uye akabvisawo madzibaba edu munyika yeJerusarema; uye vakavabvisa, pamusana pesimba ravo “risingaperi, muusungwa nemuhutapwa, nguva nenguva kana kusvika nhasi uno; uye ndinogara ndakayeuka kuiswa kwavo muhusungwa; hongu, uye kana nemiwo makafanira kuyeuka, sezvandaita, utapwa hwavo.

30 Asi tarisai, mwana’ngu, izvi hazvizizvo zvose; nokuti wakafanira kuziva sezvandinoziva, kuti “kana uchichengetedza mirairo yaMwari uchabudirira munyika; uye wakafanira kuzivawo, kuti kana usingateerere mirairo yaMwari uchabviswa pamberi pavo. Zvino izvi zviri maererano neshoko ravo.

CHITSAUKO 37

Mahwendefa endarira nemamwe magwaro matsvene anochengetedzwa kuti aunze mweya kuruponeso—MaJaredhi akaparadzwa pamusoro pekuiipa kwavo—Mhiko dzavo dzakavandika nezvibvumirano hazvifanire kuzivikanwa nevamhu—Ranganai naIshe mukuita kwenyu kwose—Sekutungamirwa kwakaitwa maNifai neRiahona, saka neshoko raKristu rinotungamira vanhu kuupenyu hwokusisingaperi. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino mwanakomana wangu Hiramani, ndinokuti utore “zvinyorwa ^bzvandakapiwa kuti ndichengete;

2 Uye ndinokutiwo uchengete zvinyorwa zvevanhu ava, sekuita kwandakaita ini, pamahwendefa aNifai, uye wochengetedza zvose zvinhu izvi wakazviersa zvandakachengeta, kana sekuchengeta kwandakazviita; nokuti pane chikonzero “chakanaka chekuti zvichengetedzwe.

3 Uye aya “mahwendefa endarira, ane zvinyorwa izvi, ane zvinyorwa zve magwaro matsvene paari, ane nhorondo yekuberekwa kwemadzibaba edu, kana kubvira pakutanga—

4 Tarisai, zvakaporofitwa namadzibaba edu, kuti zvichengetwe uye zvikotswe zvichipiwa

27a Mpi. 34:17.

28a 3 Ni. 15:1.

b NKM Kubwinya.

c Eks. 12:51.

d Eks. 14:26–27.

29a Mosaya 24:17; 27:16;

Aruma 5:5–6.

30a 2 Ni. 1:9–11;

Aruma 50:19–22.

37 1a Aruma 45:2–8.

b Mosaya 28:20.

2a Eno. 1:13–18;

Mazwi 1:6–11;

Aruma 37:9–12.

3a 1 Ni. 5:10–19.

NKM Mahwendefa
eNdarira.

kuchizvarwa nechizvarwa, uye zvigochengetedzwa nokukotswa neruoko rwaIshe kusvika panguva yazvichaenda kumarudzi ose, hama, ndimi, nevahu, kuti vagoziva “zvakavanzika zvirimo.

5 Uye zvino tarisai, kana zvichachengetedzwa zvakafanira kuramba zviine kupenya kwazvo; hongu, uye zvicharamba zviine kupenya kwazvo; hongu, uye kana ose mahwendefa ane zvinyorwa zvitsvene.

6 Zvino ungapunge kuti “kushaya maturo kwangu; asi tarisai ndinoti kwauri, muzvinhu ^bzvidiki nezvakareruka ndimo munobva zvinhu zvikuru; uye zvinhu zvidiki kazhinji ndizvo zvinovhiringidza zvikuru zvachajera.

7 Uye Ishe Mwari vanoshandisa “zvinhu kuti vaite mabasa avo makuru okusingaperi; uye nezvinhu ^bzvidiki Ishe vanonyadzisa vachenjeri uye vachiunza mweya mizhinji muruponeso.

8 Uye zvino, kubvira riini kwange kuri kungwara kwaMwari kuti zvinhu izvi zvichengetedzwe; nokuti tarisai, “zvakuudza ndangariro dzevanhu, hongu, vakapwisa vazhinji pamusoro pekukanganisika kwenzira dzavo, uye vakaunzwa mukuziva Mwari vavo nokuponeswa kwemweya yavo.

9 Hongu, ndinoti kwamuri, “dai pasina zvinhu izvi zvirimo

muzvinyorwa izvi, zvirimo pama-hwendefa aya, Amoni nehama dzake havangadai vakakwanisa ^bkupwisa zviuru zvakanwanda kudayi zvemaRamani pamusoro pekukanganisika kwetsika dzemadzibaba avo; hongu, zvinyorwa izvi ‘nemazwi azvo zvakanwanda kuti vatendeuke, zvinoreva kuti, zvakanwanda kuti vave neruzivo rwaIshe Mwari vavo, uye nokuti vafare muna-Jesu Kristu Mununuri wavo.

10 Ko ndiani angazvize zvimwe zvingangoita kuti zviuru zvakanwanda zvavo zviuye, hongu, uye nezviuru zvakanwanda zvehama dzedu dzakaoma mitsipa, maNifai, avo vari ku-mesa mwoyo yavo muzvitema uye nemuzvitadzo, kuti vasvike mukuziva Mununuri wavo?

11 Zvino zvakanwanda izvi hazvisati zvaziviswa kwandiri zvakanwanda; nokudaro ndombomira ndakadaro.

12 Uye zvingakwane kana ndikangoti zvachachengeterwa basa rakanaka, basa iri richizivikanwa kuna Mwari; nokuti “vanoraira neungwaru mumbasa avo ose, uye nzira dzavo dzakatwasanuka, uye nzira yavo yokusingaperi ^binogara yakadaro.

13 Rangarira, rangarira, mwana-komana wangu Hiramani, kuti mirairo yaMwari “yakoma zvakanwanda sei. Uye vakati: ^bKana mukachengeta mirairo

4a NKM Zvakavandika zvaMwari.

6a I VaKori. 2:14.

b 1 Ni. 16:28-29;

D&Z 64:33; 123:15-17.

7a Isa. 55:8-9.

b II Madz. 5:1-14.

8a II Tim. 3:15-17;

Mosaya 1:3-5.

9a Mosaya 1:5.

b Aruma 18:36; 22:12.

c NKM Vhangeri.

12a 2 Ni. 9:28; Jak. 4:10.

b 1 Ni. 10:19;

Aruma 7:20.

13a 2 Ni. 9:41.

b Aruma 9:13;

3 Ni. 5:22.

yangu ‘muchabudirira munyika—asi kana musingachengete mirau yake muchabviswa pamberi pake.

14 Uye zvino rangarira, mwanakomana wangu, kuti Mwari “vavimba newe muzvinhu izvi, zviri zvinhu zvinoera, zvavakachengetedza ^bzvichiera, uye wo zviri zvavachachengetedza nokuzvikotsa kuitira basa ravo ‘rakachenjera, kuti vagoratidza simba ravo kuzvizvarwa zvamangwana.

15 Uye zvino tarisai, ndinokutaurira nemweya wechiporofita, kuti kana ukatyora mirairo yaMwari, tarisai, zvinhu izvi zvinoera zvichabviswa kwauri nesimba raMwari, uye iwe uchaendeswa kuna Satani, kuti agokuurutsa sekunge ari kuurutsa makoto nemhepo.

16 Asi ukachengetedza mirairo yaMwari, ukaita nezvinhu zvinoera izvi maererano nezvaturwa naIshe kuti uite, (nokuti wakafanira kukumbira kuna Ishe pane zvose zvaunoda kuita nazvo) tarisai, hakuna simba renyika kana regehena “ringazvibvute kwauri, nokuti Mwari vane simba rekuzadzikisa mazwi avo ose.

17 Nokuti vachazadzikisa zvimbiso zvavo zvose zvavachaita kwauri, nokuti vakazadzikisa zvavakavimbisa madzibaba edu.

18 Nokuti vakavavimbisa kuti “vachachengetedza zvinhu izvi

nokuti zvine basa kwavari, kuti vagoratidza simba ravo kumarudzi amangwana.

19 Uye zvino tarisai, basa rimwechete varizadzikisa, kana nokudzorera zviuru “zvizhinji zvemaRamani mukuziva chokwadi; uye vakaratidza simba ravo mavari, uye vacharatidza zve simba ravo mavari nemuzvizvarwa ^bzvamangwana; naizvozvo vachachengetedzwa.

20 Naizvozvo ndinokuudza, mwanakomana wangu Hiramani, kuti simba mukuzadzikisa mazwi angu ose, uye usimbewo mukuchengeta mirairo yaMwari sekunyorwa kwayakaitwa.

21 Uye zvino, ndichataura newe pamusoro pemahwendefa “makumi maviri nemana aya, kuti uachengete, kuti zvakavandika nemabasa erima, nemabasa emuruvande, kana mabasa ^bemuruvande evanhu avo vakaparadzwa, aiswe pachena kuvanhu ava; hongu, kwose kuponda kwavo, nokupamba, nokuparadza kwavo, nokuipa noruvengo rwavo, kuti kuiswe pachena kuvanhu ava; hongu, uye nokuti iwe uchengetedze “zvidudziriso izvi.

22 Nokuti tarisai, Ishe vakaona kuti vanhu vavo vave kutanga kushanda murima, hongu, kushanda mukuponda muruvande noruvengo rwakavanzwa; naizvozvo Ishe vakati, kana vasina kutendeuka vachapara-

13c Mosaya 1:7;
Aruma 50:20.

14a D&Z 3:5.
^b NKM Mutsvene.
^c 1 Ni. 9:3–6.

16a Nh—JS 1:59.

18a D&Z 5:9.

19a Aruma 23:5.

^b Eno. 1:13;
Morm. 7:8–10.

21a Eta 1:1–5.

^b NKM Huranganwa
hwemuruvande.

^c NKM Urimi neTumimi.

dzwa vakabviswa pamusoro penyika.

23 Uye Ishe vakati: Ndichagadzirira muranda wangu Gaziremu, “dombo, richapenya murima kunge mwenje, kuti ndiratidze vanhu vangu vanondishandira, kuti ndivaratidze mabasa ehama dzavo, hongu, mabasa avo emuruvande, mabasa avo erima, nokuipa noruvengo rwavo.

24 Uye zvino mwanakomana wangu, zvidudziriso izvi zvakagadzirwa kuti shoko raMwari rizadzikiswe, ravakatura, vachiti:

25 “Ndichaburitsa murima ndichiisa muchiedza mabasa avo ose emuruvande noruvengo rwavo; uye kunze kwokunge vatendeuka ^bndichavaparadza nokuvabvisa pamusoro penyika; uye ndichaisa pachena zvose zvakavandika zvavo noruvengo rwavo, kurudzi rwose rwuchagara munyika ino.

26 Uye zvino, mwanakomana wangu, tinoona kuti havana kutendeuka; naizvozvo vakaparadzwa, uye nokudaro shoko raMwari rakadzikiswa; hongu, ruvengo rwavo rwakavanda rwakabviswa murima kukaitwa kuti isu tirwuzive.

27 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinokutaurira kuti utore mhiko dzavo dzose, nezvitenderano zvavo, nezvibvumirano zvavo mukuipa kwavo kwakavandika; hongu, “nezviratidzo zvavo neminana yavo

uchazvivanza kuvanhu ava, kuti vasazvizive, nokuti mumwe musu vangawirewo murima vakaparadzwa.

28 Nokuti tarisai, nyika ino yose “yakatukwa, kuti kuparadzwa kuchauya kune avo vose vashandi verima, maererano nesimba raMwari, kana vanyatsobva; naizvozvo handidi kuti vanhu ava vaparadzwe.

29 Naizvozvo uchachengeta zvirongwa zvemuruvande “zvemhiko dzavo nezvibvumirano zvavo usingazvitaure vanhu ava, uye zveruvengo rwavo nekuponda kwavo nezvekuipa kwavo ndizvo chete zvauchavaita kuti vazive; uye uchavadzidzisa ^bkusema uipi hwakadaro neruvengo rwakadaro nokuponda kwakadaro; uye uchavadzidzisawo kuti vanhu ava vakaparadzwa nepamusana pekuipa noruvengo rwavo nekuponda kwavo.

30 Nokuti tarisai, vakaponda vose vaporofita vaIshe vaiuya mavari kuzovataurira pamusoro pezvitadzo zvavo; uye ropa reavo vavakaponda rakachema kuna Ishe Mwari vavo kuti vadzorere avo vakanga vavauraya; uye saka kutonga kwaMwari kwakauya pamusoro peava vashandi verima nezvikwata zvemuruvande.

31 Hongu, uye yakatukwa iyo nyika nariini nariini ine vashandi verima nezvikwata zvemuruvande, kana kusvika mukuparadzwa, kunze kwe-

23a Mosaya 8:13.

25a D&Z 88:108–110.

^b Mosaya 21:26.

27a Hir. 6:22.

28a Aruma 45:16;

Eta 2:7–12.

29a Hir. 6:25.

^b Aruma 13:12.

kunge vatotendeuka vasati vandingindira.

32 Uye zvino, mwanakomana wangu, rangarira mazwi andataura kwauri; usataurire zviye zvirongwa zvemuruvande kuvanhu ava, asi vadzidzise “ruvengo rwusingaperi rwechitema nekutadza.

33 “Vaparidzire rutendeuko, nerutendo munaIshe Jesu Kristu; vadzidzise kuzvirereka nekuve ^bvakapfava nokuzviredza mu-mwoyo; vadzidzise kukunda chose ‘chiedzo chadhiabhorosi, nerutendo rwavo munaIshe Jesu Kristu.

34 Vadzidzise kuti vasamboneta kuita basa rakanaka, asi kuti vapfave nekuzviredza mu-mwoyo; nokuti ivavo vachawana ^azororo remweya yavo.

35 Rangarira, mwanakomana wangu, uye udzidze “ungwaru muujaya hwako; hongu, dzidza muujaya hwako kuchengeta mirairo yaMwari.

36 Hongu, uye ^achemera kuna Mwari kutsigirwa kwako kwose; hongu, ita kuita kwako kwose kuve muna Ishe, uye kana kwose kwaunoenda ita kuti kuve muna Ishe; hongu, ita kuti pfungwa dzako dzose dziende kuna Ishe; hongu, ita kuti rudo rwemwoyo wako rwuiswe muna Ishe nariini.

37 ^aRangana naIshe mune zvose zvaunoita, uye anokutungamirira kune zvakanaka;

hongu, kana wave kurara mauro rara uri munalshe, kuti akuchengete mukurara kwako; uye panomuka mangwanani mwoyo wako ngaue wakazadzwa ^bnekutenda kuna Mwari; uye kana ukaita zvinhu izvi, uchasimudzwa musi wekupedzisira.

38 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndine zvimwe zvandinoda kutaura pamusoro pechimwe chinhu chinodaidzwa navanababa vedu kuti bhora, kana kuti munongedzo—kana kuti madzibaba edu aichiti, “Riahona, kana zvadudzirwa zvinoreva kuti, chinongedzo; uye Ishe ndivo vakachigadzira.

39 Uye tarisai, hakuna munhu angakwanisa kuita basa rine umhizha hunoshamisa kudaro. Uye tarisa, chakagadzirirwa kuti chigoratidza madzibaba edu gwara rokutevedza mukufamba kwavo murenje.

40 Uye chakavashandira mae-rerano ^anerutendo rwavo muna Mwari; naizvozvo, kana vaka-nga vaine rutendo rwekudaira kuti Mwari vaikwanisa kuita kuti maoko acho anongedzere nzira yavaifanira kuenda nayo, tarisai, ndizvo zvaitika; naizvozvo vakanga vaine chishamiso ichi, nezvimwewo zvishamiso zvizhinji zvaitwa nesimba ra Mwari, zuva nezuva.

41 Zvisinei, nenzira yekuti zvishamiso izvi zvaitwa nezvinhu ^azvidiki zvakavaratidza mabasa

32a 2 Ni. 4:31.

33a NKM Paridza.

b NKM Akapfava.

c NKM Chiedzo.

34a Mpi. 37:4-7;

Mat. 11:28-30.

35a NKM Ungwaru.

36a NKM Munamato.

37a Jak. 4:10;

D&Z 3:4.

b D&Z 46:32.

38a 1 Ni. 16:10; 18:12;

D&Z 17:1.

40a 1 Ni. 16:28.

41a Aruma 37:6-7.

anoshamisa. Vakaita nungo, uye vakakanganwa kuita mabasa erutendo nesimba ravo uye saka mabasa anoshamisa aya haana kuzoitika, uye ivo vakatadza kufambira mberi nerwendo rwavo.

42 Naizvozvo, vakagara murenje, kana kuti havana kufamba negwara rakati swatu, uye vakanetswa nenzara nenyota, pamusana pezvitadzo zvavo.

43 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinoda kuti unzwisise kuti zvinhu hazvizi zvinhu zvisina mifananidzo; sezvo madzibaba edu akaita nungo dzekuteerera chinongedzo ichi (zvino zvinhu izvi zvaingove zvechinguvana) havana kukwanisa kubudirira; kana saizvozvo ndizvo zvakaita zvinhu zvemweya.

44 Nokuti tarisai, zviri nyore kuteerera “shoko raKristu, iro rinokunongedzera gwara rakatwasanuka rinoenda kurufaro rwokusingaperi, sezvazvakanga zvakaita kumadzibaba edu kuti vateerere chinongedzo ichi, icho chaivanongedzera gwara rakatwasuka rekuenda kunyika yechipikirwa.

45 Uye zvino ndinoti, ko hama chiratidzo here muchinhu ichi? Nokuti chokwadi sezvo munongedzo uyu waiunza vababa vedu kunyika yechitsidzo, nekutevedza gwara racho, nemazwi aKristu, kana tikaatevedza negwara rawo, achatitakura kuti tibve muopenyu huno

hwekusuwa tichipinda munyika yechipikirwa yakanaka.

46 Iwe mwanakomana wangu, usatirege tichiita “nungo pamusoro pekureruka ^bkwenzira yacho; nokuti ndizvo zvazvakange zvakaita nemadzibaba edu; ndiko kusaka chakanga chakagadzirirwa ivo, kuti kana vakachitarisa ‘vanopona; kana zvino ndizvo zvazviri kwatiri. Nzira yakagadzirwa, uye kana tikatarisa tichagara nekusingaperi.

47 Uye zvino, mwanakomana wangu, ona kuti wachengetedza zvinhu zvinoera izvi, hongu, ona kuti unotarisa kuna Mwari kuti upone. Enda kuvanhu ava uye unotaura shoko, uye iva wakatsiga Mwanakomana wangu, chisara.

Mirairo yaAruma kumwanakomana wake Shibhuroni.

Zvichisanganisa chitsauko 38.

CHITSAUKO 38

Shibhuroni akanetswa pamusana pekururama — Ruponeso rwurimuna Kristu, anove ndiye upenyu nechiedza cheniyika — Tsigisa pfungwa dzako. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

MWANAKOMANA wangu, teeresa mazwi angu, nokuti ndinoti kwauri, kana sezvandakataura kunaHiramani, kuti kana muri

44a Mpi. 119:105;
1 Ni. 11:25;
Hir. 3:29–30.

46a 1 Ni. 17:40–41.
b Joh. 14:5–6;
2 Ni. 9:41; 31:17–21;

D&Z 132:22, 25.
c Joh. 11:25; Hir. 8:15;
3 Ni. 15:9.

munochengeta mirairo yaMwari muchabudirira munyika; uye kana muri musingachengete mirau yaMwari muchabviswa pamberi pake.

2 Uye zvino mwanakomana wangu, ndinovimba kuti ndichawana mufaro mukuru mauri iwe, nenzira yekutsiga kwako nokutendeka kwako kunaMwari; sezvo watangisa uri jaya kutarisa kuna Ishe Mwari vako, naizvozvo ndinovimba kuti “ucharamba uchichengeta mirairo yavo; nokuti akakomborewa uyo ^banoshingirira kusvika kumagamo.

3 Ndinoti kwauri mwanakomana wangu, ndakatofadzwa newe zvikuru kare, nenzira yekuvimbika kwako nekusimba kwako, uye kutsiga kwako nekushivirira kwako mukati mevahu “vaZoramu.

4 Nokuti ndinozivisa kuti wakanga uri muusungwa; hongu, uye ndinozivawo kuti wakatemwa nemabwe uchitemerwa shoko; uye “ukatirira zvole zvinhu izvi nokupfava nokuti Ishe vakanga ^bvainewe; uye zvino wave kuziva kuti wakaponeswa naIshe.

5 Uye zvino mwanakomana wangu, Shibhuroni, ndinoda kuti urangarire, kuti kana uchii-sa “ruvimbo rwako munaMwari

kana naizvozvo ^buchabviswa mukuedzwa kwako, nenhamo dzako, ‘nematambudziko ako, uye ugosimudzwa nomusi wezuva rekupedzisira.

6 Zvino mwanakomana wangu, handidi kuti ufunge kuti zvinhu izvi ndinozivisa nenjere dzangu, asi Mweya waMwari uri mandiri unoita kuti ndizive zvinhu izvi; nokuti dai ndisina “kuzvarwa munaMwari handaiziva zvinhu izvi.

7 Asi tarisai, Ishe netsitsi dzavo huru vakatumira “ngirozi yavo kuti izotaura kwandiri kuti ndiregere basa ^brekuparadza pakati pevanhu vavo; hongu, uye ndakaona ngirozi tikatarisana, uye ikataura neni, uye izwi rake raiita semabhanan’ana, uye rikazunza nyika yose.

8 Uye zvakaikita kuti kwemazuva matatu neusiku hutatu ndakanga ndiri mukurwadziwa mumweya zvisingataurike; uye handina chandakawana, kudakara ndachema kuna Ishe Jesu Kristu kuti ndiitirwe tsitsi, ndokubva “ndaregererwa zvitadzo zvangu. Asi tarisai, ndakachema kwavari uye ndikawana runyararo mumweya wangu.

9 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndakutaurira izvi kuti udzidze ungaru, kuti udzidze kwandiri kuti “hakuna zvimwe

38 2a Aruma 63:1-2.

b 2 Ni. 31:15-20;

3 Ni. 15:9; 27:6,
16-17.

3a Aruma 31:7.

4a NKM Mwoyo
Murefu.

b VaR. 8:35-39.

5a Aruma 36:27.

NKM Vimba.

b Mat. 11:28-30.

c D&Z 3:8; 121:7-8.

6a Aruma 36:26;

D&Z 5:16.

NKM Kuberekwa
naMwari,

Kuberekwa Patsva.

7a Mosaya 27:11-17.

b Aruma 26:17-18;
36:6-11.

8a NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

9a Hir. 5:9.

kana nzira inoita kuti munhu apone, chete nemuna Kristu. Tarisai, ndiye upenyu ^bnechiedza chenyika. Tarisai, ndiye shoko rechokwadi nekururama.

10 Uye zvino, zvawatangisa kudzidzisa shoko ndinoti chiramba uchidzidzisa; uye ini ndinoti dai wave nesimba nekuzvibata muzvinhu zvose.

11 Ona kuti hausimudzwe ukave une rudado; hongu, ona kuti ^ahauzvikuze nokuchenjera kwako, kana nesimba rako rakawanda.

12 Shandisa kusatya, asi usadzvinyirire; uye ona kuti wakovibata muzvinhu zvose, kuti uzadzwe nerudo; ona kuti hauite zvenungo.

13 Usanamate sezvinoita maZoramu, nokuti wakatowona kuti vanonamata kuti vaonekwe nokunzwikwa nevanhu, nekuti vagorumbidzwa neungwaru hwavo.

14 Usazoti: Mwari, ndinokutendai nokuti tiri ^anani pane hama dzedu; asi kuti uti: Ishe, ndiregererei ^bmukusakodzera kwangu, uye murangarire hama dzangu netsitsi—hongu, bvuma kuti hauna kukodzera pamberi paMwari nguva dzose.

15 Uye Ishe ngavaropafadze mweya wako, vagokugashira nezuya rekupedzisira muumambo hwavo, kuti ugare murunyararo. Zvino enda, mwanakomana wangu, unodzidzisa shoko kuvanhu ava. Zvibate. Mwanakomana wangu, chisara.

Mirairo yaAruma kumwako-mana wake Koriandoni.

*Zvichisanganisa zvitsauko
39 kusvika ku42.*

CHITSAUKO 39

Chivi cheupombwe chinhu cha-kaipisisa—Zvivi zvaKoriandoni zvakaita kuti vanhu vamaZoramu vasagamuchire shoko—Rununuro rwaKristu rwunoshandanda kune avo vanokutenda vakarwutangira. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, mwanakomana wangu, ndine zvimwe zvakawanda zvandinoda kutaura kwauri zvandisina kutaura kuvakoma vako; nokuti tarisai, hauna kucherechedza here kuzvibata kwomukoma wako, kutendeseka kwake, nekusimba kwake mukuchengeta mirairo yaMwari? Tarisai, haana kuratidza muenzaniso wakanaka here kwauri?

2 Nokuti hauna kunyatsoteerereso kumazwi angu sokuteerera kwakaita mukoma wako, pakati pavanhu ^avamaZoramu. Zvino izvi ndizvo zvandinopokana nazvo newe; iwe wakaenda uchizvikudza nesimba nounwaru hwako.

3 Uye hazvisizvo zvose izvi, mwanakomana wangu. Wakaita zvinhu zvinonditsamwisa; nokuti wakasiya hushumiri, ukaenda kunyika yeSironi mukati mavanhu vamaRamani, uchitevera ^apfambi iya Izabheri.

9b Mosaya 16:9.
11a NKM Kudada.

14a Aruma 31:16.
b Ruka 18:10–14.

39 2a Aruma 38:3.
3a NKM Kufadza Nyama.

4 Hongu, “akatora mwoyo yevazhinji; asi hazvizizvo zvingaite kuti ushaye mhosva, mwanakomana wangu. Ungadai wakaramba uchiita hushumiri hwawakanga wapiwa.

5 Hauzive here, mwanakomana wangu, kuti zvinhu “izvi zvaikaipa pamberi paIshe, hongu, chinhu chakaipisisa kudarika zvose zvazvo kunze kwokudeura ropa rousina mhosva kana kuramba Mweya Mutsvene?

6 Nokuti tarisai, kana “ukaramba Mweya Mutsvene wakambenge une nzvimbo mauri, iwe uchiziva kuti uri kuuramba, tarisai, ichi chivi ^bchisingaregererwi, hongu, uyo anouraya pamberi pechiedza noruzivo rwaMwari, hazvizove nyore kuti agamuchire ^cruregerero; hongu, ndinoti kwauri, mwanakomana wangu, hazvizinyore kuti agamuchire ruregerero.

7 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinoti kuna Mwari dai wakanga usina kuita “mhosva yakaipa kudai. Handaitaura nezvemhosva dzako, kuti ndiparadze mweya wako, dai zvisiri zvinoyamura iwe.

8 Asi tarisai, haungavige mhosva dzako kuna Mwari, zve kunze kwokunge watenduka dzinozomira dzichipupura pamberi pako pazuva rokupezdisira.

9 Zvino mwanakomana wangu, ndingade kuti utendeuke urege

zvivi zvako, usingadzokere “mukuchiva kwemaziso ako, asi ^bzvibvise iwe muzvinhu zvose izvi; nokuti kunze kwokudaro haungazopindi muumambo hwaMwari. Rangarira, uzvitore pauri, uzvibvise pachako muzvinhu izvi.

10 Uye ndinokuraira kuti urangane nevakoma vako pazvinhu zvaunoita; nokuti tarisai, uchiri mudiki, unofanira kuti umbodzidziswa nevakoma vako. Uye uteerere kune zvavanokuraira.

11 Usabvume iwe kuti unyengedzwe nechinhu chisina maturo; usabvume kuti dhiabhorosi atungamirire mwoyo wako kune pfambi dziya dzakaipa. Tarisai, mwanakomana wangu, waunza kuipa kwakakura sei “kumaZoram; nokuti zvavakona ^bkuita kwako havana kutotenda kumazwi angu.

12 Uye zvino Mweya waIshe uri kuti kwandiri: “Raira vana vako kuti vaite zvakanaka, nokuti vangazotungamirira mwoyo yavanhu vakawanda mukuparadzwa; zvino ndinokuraira, mwanakomana wangu, mukutya Mwari, kuti ubve mune zvakaipa zvako.

13 Kuti utendeukire kuna Ishe nepfungwa dzako dzose, chido, nesimba rako rose; kuti usazotungamirira mwoyo yevamwe zve mukuita zvakaipa; asi kuti udzokere kwavari, “ugobvuma

4a Zir. 7:6–27.

5a NKM Kusazvibata nehupombwe.

6a D&Z 76:35–36.

b NKM Chitadzo

Chisingaregererwe.

c D&Z 64:10.

NKM Regerera.

7a NKM Mhosva, Kuva ne.

9a NKM Zvenyama.

b 3 Ni. 12:30.

11a Aruma 35:2–14.

b VaR. 2:21–23; 14:13; Aruma 4:11.

12a NKM Mirairo yaMwari; Dzidzisa.

13a Mosaya 27:34–35.

kutadza kwako nokukanganisa kwawakaita.

14 Usave “unotsvaga upfumi kana zvinhu zvisina maturo zvenyika ino nokuti tarisai, hau-zvitakure.

15 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinotaura zvimwewo maererano nokuuya kwa-Kristu. Tarisai, ndinoti kwauri, zvechokwadi ndiye achauya kuzobvisa zvitadzo zvenyika; hongu, anouya kuzotaura mashoko anofadza noruponeso kuvanhu vake.

16 Uye zvino, mwanakomana wangu, uwu ndiwo hupirisita hwawakanga wakadaidzirwa, kuti utaure mashoko anofadza aya kuvanhu ava, kuti vagadzirire pfungwa dzavo; kana kuti ruponeso rwuuye kwavari, kuti vagogadzira pfungwa “dzevana vavo kuti vagonzwa shoko iri panguva yokuuya kwake.

17 Uye zvino ndichanyevenutsa pfungwa dzako kuzvinhu izvi. Tarisai, unoshamiswa kuti sei zvinhu izvi zvichifanira kuzivikanwa nguva yacho isati yasvika. Tarisai, ndinoti kwauri, ko mweya panguva ino haukoshe here kuna Mwari somweya unenge uri panguva yokuuya kwake?

18 Hazvifanire here kuti hurongwa hwenunuro huve hunozivi kanwa kuvanhu ava uye nokune vana vavo?

19 Ko haisi nyore here pane nguva ino kuti Ishe vatumire

ngirozi yavo kuti itaure mashoko anofadza kwatiri nokune vana vedu, kana sekuve shure kwenguva yokuuya kwavo?

CHITSAUKO 40

Kristu anoita kuti kuve nekumuka kwevakafa kuvanhu vose—Vakafa vatsvene vanoenda kuparadiso, vakaipa vanoenda kurima riri kunze kuti vamirire zuva ravo rokumutswa—Zvinhu zvose zvichadzorerwa pazvakanga zviripanguva yoKumutswa kuvakafa. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

ZVINO mwanakomana wangu, izvi zvimwe zvakawanda zvanandinokutaurira; nokuti ndaona kuti pfungwa dzako dziri kunetseka pamusana pokumutswa kwavakafa.

2 Tarisai, ndinoti kwauri, hakuna kumutswa—kana kuti, ndingati, namamwe mazwi, muviri uno unofa haungafuke “kusafa, kuipa uku^bhakungafuke kusaipa—^ckusvikira kuuya kwaKristu.

3 Tarisai, anounza “kumutswa kwavakafa. Asi tarisai, mwanakomana wangu, kumutswa hakusati kwavapo. Zvino, ndichaburitsa kwauri zvishamiso; zvisinei, kune^bzvishamiso zvakawanda^czvinovanzwa, zvokuti hakuna munhu anozviziva kunze kwaMwari vega. Asi ndinokuratidza chinhu chimwe-

14a Mat. 6:25–34;
Jak. 2:18–19;
D&Z 6:6–7; 68:31–32.
16a NKM Mhuri—
Mabasa evabereki.

40 2a Mosaya 16:10–13.
NKM Asingafe.
b I VaKori. 15:53–54.
c I VaKori. 15:20.
3a NKM Kumuka

Kuvakafa.
b NKM Zvakavandika
zvaMwari.
c D&Z 25:4; 124:41.

chete chandakakumbira kuna Mwari nesimba kuti ndizive— chinove pamusoro pokumutswa kuvakafa.

4 Tarisai, pane nguva yakatarwa kunzi munhu wose “achamuka kuvakafa. Zvino nguva iyi ichauya riini hakuna anoziwa; asi Mwari vanoziwa nguva yakatarwa.

5 Zvino, kuti kuchava nenguva yokutanga, kana “yechipiri, kana yechitatu, apo vanhu vachamuka kuvafi, hazvinei; nokuti Mwari ^bvanozviziva zvole; uye zvakakwana kuti ndizive kuti aya ndiwo mamiriro acho— kuti pane nguva yakatarwa apo vole vachamutswa kuvakafa.

6 Zvino panofanira kunge pane nguva pakati pokufa nokumutswa.

7 Uye zvino ndinoda kuziva zvinoitika “kumweya yevanhu vole kubva panguva yorufu kusvikira nguva yakatarwa yokumutswa?

8 Zvino kuti kune nguva dzinopfura imwechete dzokumutswa kwavanhu hazvina mhosva; nokuti vole havafi pamwechete, uye izvi hazvina mhosva; zvole zvakangoita sezuva rimwechete kuna Mwari, nguva inoerwa chete kuvanhu.

9 Naizvozvo, pane nguva yakatarwa kuvanhu apo vachamutswa muvafi; uye pane

nguva pakati porufu nokumutswa. Uye zvino maererano nenguva iyi, chinoitika kumweya yavanhu vakamirira kumuka ndicho chandaka kumbira Ishe nesimba kuti ndizive; uye ichi ndichochinhu chandinoziwa.

10 Uye kana nguva yavvika apo vole vachamutswa, zvino vachazovisa kuti Mwari vanoziwa “nguva dzose dzakatarirwa munhu.

11 Zvino, maererano nekuti mweya unenge wakaita sei pakati penguva “yaunofa nenguva yaunozomutswa—Tarisai, zvakaziviswa kwandiri nomutumwa, kuti mweya yavanhu vole, shure kwokunge yasiya muviri uno, hongu, mweya yavanhu vole, yakanaka kana yakaipa, inotorwa yoenda ^bkumusha kuna Mwari ivavo vakavapa upenyu.

12 Uye ipapo zvichaitika kuti nguva ichasvika, yekuti mweya yaavo vakarurama igamuchirwe “mukufara, munzvimbo inodaidzwa kuti ^bparadiso, ^cmukuzorora, ^dmurunyararo, apo vachazorora kubva kumatambudziko avo ose, nomukusuwa.

13 Uye zvichaitika, kuti mweya yevakaipa, hongu, avo vakaipisisa—nokuti tarisai, havana chidiki zvacho cheMweya waIshe; nokuti tarisai, vakasarudza mabasa akaipa pane akanaka;

4a Joh. 5:28–29.

5a Mosaya 26:24–25;

D&Z 43:18; 76:85.

^b NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

7a Aruma 40:21;

D&Z 138.

NKM Mweya (Mweya neMuviri).

10a Mabasa 17:26.

11a Ruka 16:22–26;

I Pet. 3:18–19; 4:6;

D&Z 76:71–74; 138.

^b Mpa. 12:7;

2 Ni. 9:38.

12a NKM Rufaro.

^b NKM Paradiso.

^c NKM Zororo.

^d D&Z 45:46.

NKM Runyararo.

naizvozvo mweya wadhiabhorosi wakapinda mavari, ukatora imba yavo— uye ava vachakanzwa “kurima rokunze; kucha-va ^bnokuchema, nokuyaura, nokugeda-geda kwameno, uku kuri kuda kwokuipa kwavo, nokuva vanotungamirirwa muuranda nokuda kwadhiabhorosi.

14 Zvino izvi ndizvo zvinenge zvakaita mweya “yakaipa, hongu, murima, munguva yakai-^bpisisa, ^bnokutya hashu huru dzaMwari pavari; saka vachange vari ‘munzvimbo iyi, vatsvene vanenge vari muparadiso, kusvikira nguva yavo yokumutswa kuvakafa.

15 Zvino, kuna vamwe vakanzwa kuti nguva iyoyi yorufaro nenguva iyoyo yokusuwa kwe-mweya, tisati tasvika kumutswa, ndiko kumutswa kwokutanga. Hongu, ndinobvuma kungangodaidzwa kuti kumutswa, kumutswa kwemweya nokuzoiswa kwaunoiwa murufaro kana mukusuwa maer-rano namazwi akataurwa.

16 Uye zvino tarisai, zvakataurwa zvakare, kuti kune “kumutswa ^bkwokutanga, kumutswa kweavo vose vakanga vari, kana vari, kana vachazova, kusvika pakumuka kwaKristu kubva muvafi.

17 Zvino, hatifunge kuti kumutswa uku kwokutanga, kunotaurwa munzira iyi, kungave kumutswa kwomweya “nokue-

ndeswa murufaro kana mukusuwa. Haungafungi kuti izvi ndizvo zvazvinoreva.

18 Tarisai, ndinoti kwauri, Kwete; asi zvinoreva kubatana zvakare kwomweya nomuviri, kweavo kubva mumazuva aAdama kusvika “pakumuka kwaKristu.

19 Zvino, kuti mweya nemiviri yaavo vambotaurwa ichabatani-dzwawo pakarepo, vasakarurama nevakarurama, handizi kutaura; ngazvive zvakawana, kuti nditi vose vachamuka; kana kuti namamwe mazwi, kumutswa kwavo kunouya kumutswa kweavo vakafa shure kwokumuka kwaKristu “vasati vamutswa.

20 Zvino, mwanakomana wangu, handina kuti kumutswa kwavo kunouya pakumuka kwaKristu; asi tarisai, ndinongopa sokufungawo kwangu, kuti mweya nomuviri zvichabatana, pautsvene, pakumutswa kwaKristu, “nokukwira kwake kudenga.

21 Asi nyangwe zvikave pakumutswa kwake kana kuti shure, handitauri; asi izvi ndinotaura, kuti pane “nguva pakati porufu nokumutswa kwomuviri, kuti mweya uri ^bmukufara kana ‘nokusuwa kusvikira nguva yakatarwa naMwari kuti vakafa vachabuda, vogobatanidzwa, zvakare mweya nomuviri, ^dvogounzwa kuti vamire pamberi

13a NKM Gehena.

b Mat. 8:12;

Mosaya 16:2.

14a D&Z 138:20.

b Jak. 6:13; Mos. 7:1.

c Aruma 34:34.

16a NKM Kumuka

Kuvakafa.

b Jak. 4:11;

Mosaya 15:21–23.

17a D&Z 76:17, 32, 50–51.

18a Mat. 27:52–53.

19a Mosaya 15:26.

20a NKM Kukwira.

21a Ruka 23:39–43.

b NKM Paradiso.

c NKM Gehena.

d Aruma 42:23.

paMwari, vogotongwa maererano namabasa avo.

22 Hongu, izvi zvinounza kudzororwa pakare kwezvinhu zvose zvakambotaurwa nemirromo yavaporofita.

23 “Mweya ^buchadzorerwa ‘kumuviri, uye muviri kumweya; hongu, yose nhengo nebvupa rimwe nerimwe richadzorerwa kumuviri waro; hongu, hakuna kana kavhudzi kemusoro kanorasika; asi zvinhu zvose zvizhadzorerwa panzvimbo yazvo chaiyo zvakakwana.

24 Uye zvino mwanakomana wangu, uku ndiko kudzororwa kwezvinhu “kwaitaurwa nemirromo yamaporofita—

25 Uye zvino avo vatsvene vachazopenya muumambo hwaMwari.

26 Asi tarisai, “kufa kunorwadza kunouya pane vakaipa; nokuti vanofa pazvinhu zvirimaererano neutsvene; nokuti havana kuchena, uye hakuna ^bchinhu chine tsvina chingagare nhaka yomambo hwaMwari; asi vanorasirwa kunze, uye vanotumirwa kunodya michero yamabasa avo, anga akaipa; vanonwa mabvondwe emukombe unovava.

CHITSAUKO 41

Pakumutswa vanhu vachapinda

murufaro rusingaperi kana kuti mukusuwa kusingaperi— Kuipa hakuna kumbova kufara— Vanhu venyama havana Mwari panyika— Munhu wose anogamuchira zvakare pakudzorerwa twutsika nezvimwe zvose zvaakanga awana asati afa. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, mwanakomana wangu, ndine zvimwe zvokutaura maererano nezvokudzorerwa pakare izvo zvakataurwa; nokuti tarisai, vamwe ^ahavana kunzwisisa magwaro, ^bvakararika zvikuru nokuda kwechinhu ichi. Uye ndinoona kuti pfungwa dzako dziri kutambudzika pamusoro pechinhu ichi. Asi tarisai, ndichakutsanangurira.

2 Ndinoti kwauri, mwanakomana wangu, zano rokudzorera rinopindirana nokutonga kwakarurama kwaMwari, nokuti zvakafanira kuti zvinhu zvose zvidzororwe zvazvakange zvakaite. Tarisai, zvakafanira zve zvakarurama, maererano nesimba nokumuka kwaKristu, kuti mweya womunhu unofanira kudzororwa mumuviri, uye kuti “nhengo iri yose yomuviri inofanira kudzororwa pakare.

3 Uyezve zvinopindirana “nokuzanisa kwaMwari kwakanaka kuti munhu anofanira ^bkutongwa maererano ‘namabasa ake; uye kana mabasa avo

23a NEMAMWE MAZWI
Mweya.
D&Z 88:15–17.
NKM Mweya (Mweya neMuviri).
b 2 Ni. 9:12–13;
Aruma 11:40–45.

c NKM Muviri.
24a Isa. 26:19.
26a 1 Ni. 15:33;
Aruma 12:16.
b Aruma 11:37.
41 1a II Pet. 1:20; 3:16;
Aruma 13:20.

b NKM Kurasika
Pachitendero.
2a Aruma 40:23.
3a NKM Yenzaniso.
b NKM Kudavira;
Kutonga.
c NKM Mabasa.

anga akanaka muupenyu huno, nezvido zvemwoyo yavo zvanga zvakanaka, kuti ivowo zvakare, pazuva rokupedzisira, ^avadzorerwe kune izvo zvakanaka.

4 Uye kana mabasa avo anga akaipa ^avachadzorerwawo kune zvakaipa. Naizvozvo, zvinhu zvose zvichadzorerwa panzvimbo yazvo chaiyo, chinhu chose pachakabva—^bkufa kuitwe kusafa, ^cchinoora chisazoora—kumutswa muchipinda murufaro ^drwusingaperi kuti mugare nhaka youmambo hwaMwari, kana kuti musuwe kusingaperi nokugara nhaka youmambo hwadhiabhorosi, chimwe kune rumwe ruoko, nechimwewo kune rumwe—

5 Mumwe anenge amutswa mukufara maererano nezvido zvake zvorufaro, kana muzvakanaka maererano nezvido zvake zvezvakanaka; mumwe mune zvakaipa maererano nezvido zvake zvakaipa; sezvo akasarudza kuita zvakaipa muswere wose wezuva zvadarowo achawana mubairo wake wezvakaipa kana usiku hwauya.

6 Uye zvakangodarowo kune rumwe rutivi. Kana achinge atendeuka pazvivi zvake, akada utsvene kusvikira kumagumo emazuva ake, kana naizvozvo achawana mubairo woutsvene.

7 ^aAva ndivo vakanunurwa naIshe; hongu, ava ndivo vakatorwa, vakabviswa muusiku nerima risingaperi; saka vachamira kana kuputsika; nokuti tarisai, vanozvitongera ^bpachavo, kuita zvakanaka kana zvakaipa.

8 Zvino, kutonga kwaMwari ^ahakushandurwi; naizvozvo, nzira yakagadzirwa kuti uyo wose anoda akafamba mairi achaponeswa.

9 Uye zvino tarisai, mwana-komana wangu, usava ^anokumwe kutadzira Mwari wako pamusoro pemirau yedzidziso yake, iyo yakataura kuti usaita chivi.

10 Usafunge kuti, zvakaturwa maererano nokudzorerwa, kuti iwe uchazodzorerwa kubva muchivi uchienda murufaro. Tarisai, ndinoti kwauri, ^akuipa hakuna kumbove kufara.

11 Uye zvino, mwanakomana wangu, vanhu vose vari muugaro ^ahwenyika, kana kuti ndingati muugaro ^bhwenyama, kana kuti ndingati, vari munduru inovava nemumangetani ekui-pa; ^chavana Mwari munyika, vanopikisana nezvaMwari, naizvozvo, vari muugaro hunoita kuti varwisane nezvinoita kuti vafare.

12 Uye zvino tarisai, kudzorerwa kunoreva here kutora chinhu pachiri uchichiisa pasiri

3d Hir. 14:31.

4a Aruma 42:28.

b 2 Ni. 9:12–13;

D&Z 138:17.

NKM Kumuka

Kuvakafa.

c I VaKori. 15:51–55.

d NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

7a D&Z 76:50–70.

b 2 Ni. 2:26;

Aruma 42:27;

Hir. 14:30.

NKM Kuzvisarudzira.

8a D&Z 1:38.

9a D&Z 42:23–28.

10a Mpi. 32:10;

Isa. 57:20–21;

Hir. 13:38.

11a Mosaya 3:19.

NKM Munhu

weNyama.

b NKM Zvenyama.

c VaE. 2:12.

pacho, kana kuchiisa pane chinhu chakasiyana nacho?

13 Mwanakomana wangu, izwi hazvisizvo kwete; asi zvinoreva izwi rinoti kudzorera zvinoreva kudzorera zvakare chakaipa nechakaipa, chenyama nechenyama, cheutsinye necheutsinye—chakanaka nechakanaka; chitsvene nechitsvene; chakarurama nechakarurama; chine tsitsi nechine tsitsi.

14 Naizvozvo, mwanakomana wangu, ona kuti une tsitsi kune hama dzako; ita ^azvakarurama, ^btonga zvakarurama, nokuita ^czvakanaka nguva dzose; kana uchinge waita zvinhu zvose izvi uchagamuchira mubairo wako; hongu, uchazova ^dnetsitsi dzichapiwa kwauri zvakare; uchave nokururama kuchadzorerwa kwauri zvakare; uchave unodzorerwa kutonga kwakarurama zvakare; uchazowana mibairo yakanaka zvakare.

15 Nokuti icho chose chaunotumira kunze chichadzoka zvakare kwauri, chodzorerwa; naizvozvo, izwi rokuti kudzorera zvechokwadi rinorasa mutadzi, harimbomururamisa kana.

CHITSAUKO 42

Nguva ino yatigere panyika inguva yokugadzirira kuti munhu akwanise kutendeuka kuti ahandire Mwari—Kuputsika kwakaunza rufu rwenyama nerwomweya kumarudzi ose—Rununuro rwuno-

uya kuburikidza nokutendeuka—Mwari pachake anoripira zvitadzo zvenyika yose—Tsitsi ndedze avo vanotendeuka—Vamwe vose vainomirira kutonga kwakanaka kwaMwari—Tsitsi dzinouya kuburikidza noRudzikinuro—Vakatendeuka zvechokwadi chete vachaponeswa. Zvingangove makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino, mwanakomana wangu, ndinoona kuti une zvimwe zvinhu zviri kunetsa pfungwa dzako, zvausiri kunzwisisa—zviri pamusoro ^apokutonga kwakanaka kwaMwari mukuranga vatadzi; nokuti uri kufunga kuti hazvina kururama kuti mutadzi aiswe mukusuwa.

2 Zvino tarisai, mwanakomana wangu, ndichatsanangura zvinhu izvi kwauri. Nokuti tarisai, shure kwokunge Ishe Mwari ^avatumira vabereki vedu vokutanga kubva mubindu ^breEdeni, kuti vanorima ivhu, kwavakanga vambotorwa—hongu, vakaburitsa munhu, vakaisa kumabvazuva ebindu reEdeni, ^cmakerubi, nemunondo waibvira ichtendeuka kutarisa mativi ose, kuti ichengete ^dmuti woupenyu—

3 Zvino, tinoona kuti munhu akanga aita saMwari, ava kuziva chakanaka nechakaipa; tarisai kuti akatambanudza ruoko rwake, akatora muti woupenyu, akaudya akazogara nokusingaperi, Ishe Mwari vakaisa makerubi nomunondo unobvira, kuti munhu asazodya muchero uyu—

14a NKM Anovimbika.
b Joh. 7:24; D&Z 11:12.
c D&Z 6:13; 58:27–28.
d NKM Anetsitsi.

42 1a 2 Ni. 26:7;
Mosaya 15:26–27.
NKM Yenzaniso.
2a Gen. 3:23–24;

Mos. 4:28–31.
b NKM Edeni.
c NKM Makerubi.
d Gen. 2:9.

4 Uye saka tinoona, kuti kwakapiwa munhu nguva “yokute-ndeuka, hongu, nguva yokugadzirira, nguva yokutendeuka nokushandira Mwari.

5 Nokuti tarisai, dai Adama akaisa ruoko rwake nguva iyoyo, akadya muti woupenyu, angadai akagara nokusingaperi, maererano neshoko raMwari, asina mukana wokutendeuka; hongu, uyewo shoko raMwari pangadai pasina, uye zano guru roruponeso ringadai rakakanganiswa.

6 Asi tarisai, zvakanga zvakatarwa kumunhu kuti “achafa — naizvozvo, sezvo vakabviswa pamuti woupenyu vanofanirwa kubviswa pamusoro penyika — uye munhu akazorasika zvachose, hongu, vakave munhu^b akapuzika.

7 Uye zvino, tinoona kuti vabereki vedu vokutanga “vakabviswa vose panyama nepamweya kubva pamberi paIshe; saka tinoona kuti vakazova vanhu vaiita^b kuda kwavo.

8 Zvino tarisai, zvakanga zvisakafanira kuti munhu ave anozomutswa zvakare murufu rwenyama urwu, nokuti zvai-zoparadza “hurongwa hukuru hwerufaro.

9 Naizvozvo, sezvo mweya wakanga usingafi, uye “kuputsika

kuri kwakanga kwaunza kumarudzi ose kufa pamweya nokufa kwomuviri, kuri kuti, vakabviswa pamberi paIshe, zvakanga zvakakodzera kuti marudzi ose amutswe zvakare parufu rwomweya urwu.

10 Naizvozvo, sezvo vakanga vave kuita “zvenyama, nokutevedzera zvaida miviri yavo, nezvakaipa,^b nguva ino yokuedzwa yakave nguva yavo “yokugadzirira, yakave nguva yekugadzirira.

11 Uye zvino rangarira, mwana komana wangu, dai hwakange husiri hurongwa hwenunuro (tichihuisa parutivi) vaingoti mweya yavo yaibva “yasuwa zvikuru, nokuti vainge vachibviswa pamberi paIshe.

12 Uye zvino, pakanga pasina nzira yokubvisa vanhu ava mukuputsika uku, kwakaunzwa nomunhu pachake nokuda kwokusateerera kwake.

13 Naizvozvo, maererano nokururama, “hurongwa hwerununuro hawaizokwanisa kuunzwa, kunze kwokunge kuine^b kutendeuka kwomunhu panguva ino yokuedzwa, hongu, nguva ino yokuedzwa; nokuti dai pakanga pasina zvinangwa izvi, tsitsi dzaishaikwa dzoparadza mabasa akarurama. Zvino mabasa akarurama haangapa-

4a Aruma 34:32–33.

6a NKM Rufu,
rwenyama.

b Mosaya 16:3–5.

NKM Kupuzika
kwaAdama naEva.

7a 2 Ni. 2:5; 9:6;

Hir. 14:16.

NKM Rufu,
rweMweya.

b NKM Kuzvisarudzira.

8a Aruma 34:9;

Mos. 6:62.

9a NKM Kupuzika

kwaAdama naEva.

10a NKM Zvenyama.

b NKM Munhu
weNyama.

c NKM Upenyu
hwenyama.

11a 2 Ni. 9:7–9.

13a NKM Hurongwa

hweRununuro.

b NKM Rutendeuko.

radzike, dai zvakadaro, Mwari ‘haangave Mwari.

14 Uye saka tinoona kuti vanhu vose uye vanga ^avakaputsika, vanga vari ^bmukutongwa; hongu, mukutonga kwaMwari, uko kwaivabvisa nokusingaperi pamberi pake.

15 Uye zvino, zano retsitsi haraizoitwa kunze kwokunge rudzikinuro rwaitwa, naizvozvo, Mwari pachavo ^avakaripira zvivi zvenyika, kuti vaunze zano ^bretsitsi, kuti kugutse zvinodiwa ^cmukutonga kwakanaka, kuti Mwari vave ^avakakwana, Mwari vakarurama, uyewo naMwari vane tsitsi.

16 Zvino, kutendeuka hakwaiya kuvanhu kunze kwokunge pane kurangwa, uko kwakanga ^akusingaperi soupenyu hwemweya uhwo husingaperi, hwakabatanidzwa nenzira yorufaro, iyo yokusingaperiwo soupenyu hwemweya.

17 Zvino, ko munhu angatendeuka sei kunze kwokunge ^aatadza? Angatadza sei kana pasina ^bmutemo? Pangave nomutemo sei kunze kwokunge pane kurangwa?

18 Zvino, pakaiswa kurangwa, nomutemo wakarurama, wakanza kusuwa ^akupfungwa yomunhu.

19 Zvino, dai pakanga pasina

kupiwa mutemo—kana munhu ^aakaponda anofanira kufa—aitoty here kuti achafa kana akaponda?

20 Uye zvakare, dai mutemo usina kupiwa kumunhu anotadza munhu haaizoty kutadza.

21 Uye dai ^apasina mutemo wakapiwa, kana munhu achinge atadza ko zvino kutonga kwaizova kwei, kana tsitsi, nokuti hapana chavaizotaura pamusoro pechisikwa?

22 Asi pane mutemo wakapiwa, nokurangwa kwakaiswa, ^anokutendeuka kwakapiwa kutendeuka uku, kunodiwa netsitsi; kana, kutonga kunoda chisikwa uye, mutemo wobva waranga; kana zvisina kudaro, mabasa ekutonga anopadzwa, uye Mwari vanobva varega kuve Mwari.

23 Asi Mwari havashaye kuva Mwari, uye ^atsitsi dzinoda vanozvityora, uye tsitsi dzinouya nokuda ^bkwokudzikinurwa; uye kudzikinurwa kunounza ^ckumutswa kwevakafa; kumutswa kwevakafa ^dkunounza vanhu zvakare kuna Mwari; nokudaro vanodzorerwa pamberi pavo zvakare, kuti ^evazotongwa mamerano namabasa avo, maererano nomutemo wokutonga.

24 Nokuti tarisai, kutonga kunoenzanisa kunonzi ngakuitwe,

13c 2 Ni. 2:13–14.

14a Aruma 22:13–14.

b 2 Ni. 2:5.

15a 2 Ni. 9:7–10;

Mosaya 16:7–8.

NKM Dzikinura.

b NKM Anetsitsi.

c NKM Zenzaniso.

d 3 Ni. 12:48.

16a D&Z 19:10–12.

17a NKM Chitadzo.

b VaR. 4:15.

18a NKM Hana.

19a NKM Kuponda.

21a 2 Ni. 9:25–26;

Mosaya 3:11.

22a NKM Rutendeuko.

23a NKM Anetsitsi.

b NKM Dzikinura.

c 2 Ni. 2:8; 9:4;

Aruma 7:12; 11:41–45;

12:24–25;

Hir. 14:15–18;

Morm. 9:13.

d Aruma 40:21–24.

e NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

tsitsi ngadzivepowo kune vose vadzo, saka, ivavo chete vakazvininipisa pachokwadi ndivo vachaponeswa.

25 Chii, unofunga here kuti tsitsi dzingapambe “kururama? Ndinoti kwauri, Kwete; hazvitiike. Dai zvakadaro, Mwari vaimira kuva Mwari.

26 Uye saka Mwari anounza “nzira yake huru yezvinangwa zvokusingaperi, iyo yakagadzirwa ^bkubvira kumavambo enyika. Apo kunouya ruponeso norununuro rwomunhu, nokuparadzwa nokusuwa.

27 Naizvozvo, iwe mwanakomana wangu, “uyo-wose anouya anogona kuuya achinwa mvura youpenyu akasununguka; uyo asingauye haazomani-kidzwa kuti auye; asi pazuva rokupedzisira ^bzvichazodzose rwa kwaari maererano “nezviito zvake.

28 Kana ari anoda kuita “zva-kaipa, uye asina kutendeuka pamazuva ake, tarisai, kuipa kuchaitwa kwaari, maererano nokudzorerera pakare kwaMwari.

29 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinoda kuti zvinhu izvi zvisakutambudze zvakare, utambudzwe nezvivi zvako chete, nedambudziko iro richakuunza pakutendeuka.

30 Mwanakomana wangu, ndinoda kuti usave unoramba kutonga kwaMwari zvakare. Usave unozviisa pachinzvimbo

chokunzvenga zvivi zvako, nokuramba kutonga kwaMwari; asi iva unoregera kutonga kwaMwari, netsitsi dzavo, nomwoyo wavo murefu uye unopa mhiko izere mumwoyo mako; uye ita kuti zvikuunze pasi muguruva “nokuzvininipisa.

31 Uye zvino iwe mwanakomana wangu, wakadaidzwa naMwari kuti uparidze shoko kuvanhu ava. Uye zvino, mwanakomana wangu, enda nzira yako, taura shoko nechokwadi chose chizere, kuti uunze vanhu mukutendeuka, kuti hurongwa hukuru hwetsitsi huve nechahunowana pamusoro pavo. Uye Mwari vave vanokupa maererano nemazwi angu. Amenii.

CHITSAUKO 43

Aruma nevanakomana vake vanoparidza shoko—MaZoramunema mwe maNifai vakapanduka vanove maRamani—MaRamani anorwisa maNifai muhondo—Moronai anopa maNifai nhumbi dzekuzvidzivirira—Ishe vanoratidza kuna Aruma zano ramaRamani—MaNifai vanodzivirira misha yavo, rusununguko, mhuri, nechitendero chavo—Mauto aMoronai neaRihai anokomberedza maRamani. Zvingango ve makore 74 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti vanakomana vaAruma vakaenda mukati mevanhu, vakaparidza

25a NKM Yenzaniso.

26a 2 Ni. 2:14–30;

Mos. 1:39.

^b Aruma 13:3;

3 Ni. 1:14.

27a Aruma 5:34;

Hir. 14:30.

NKM Kuzvisarudzira.

^b Aruma 41:15.

^c Isa. 59:18;

Zvaka. 20:12.

28a Aruma 41:2–5.

30a NKM Akazvininipisa.

shoko kwavari. Uye Arumawo, iye pachake, haana kuti ndozorora, uye akaendawo.

2 Zvino hapana chaticharamba tichitaura nezvekuparidza kwavo, kunze kwekuti vakaparidza shoko, nechokwadi, maererano nemweya wechiporofita nezvakazarurwa; uye vaiparidza nehurongwa “hutsvene hwaMwari hwavakaidzwa nahwo.

3 Uye zvino ndinodzokera kurungano rwehondo pakati pemaNifai nemaRamani, mugore rechigumi nemasere rekutonga kwevatongi.

4 Nokuti tarisai, zvakaitika kuti “maZoramu akave maRamani; naizvozvo mukutanga kwegore rechigumi nemasere vanhu vaNifai vakaona kuti maRamani akanga achiuya kuzovarwisa; naizvozvo vakagadzirira hondo; hongu, vakanganidza pamwechete mauto avo munyika yeJeshoni.

5 Uye zvakaitika kuti maRamani vakauya nezviuru zvavo; uye vakauya munyika yaAndionumu, iri iyo nyika yemaZoramu; uye murume ainzi Zerahemuna ndiye aive mutungamiri wavo.

6 Uye zvino, sezvo maAmarekai vakanga vaine huipi neumhondi kupfuura maRamani, ivo pachavo, naizvozvo, Zerahemuna akaisa vakuru pamusoro pemaRamani, vose vakanga vari maAmarekai nemaZoramu.

7 Zvino izvi akazviita kuti

arambe akachengetedza ruvengo rwavo kumaNifai, kuti avaise pasi pake kuti zvaakanga aronga zvizadzikiswe.

8 Nokuti tarisai, akanga akaronga kuti apesvere maRamani kuti ashatirirwe maNifai; izvi akazviita kuti avatorere simba avatonge, nokutiwo awane simba pamusoro pemaNifai nokuvaisa muusungwa.

9 Uye zvino urongwa hwemaNifai hwaive hwekuda kutsigira nyika yavo, nedzimba dzavo, “nevakadzi vavo, nevana vavo, kuti vavadzvirire kumaoko evavengi vavo; nokutiwo vadzvirire rusununguko rwekuita zvavanoda, hongu, ^bnokusununguka kwavo, kuti vanamate Mwari maererano nezvido zvavo.

10 Nokuti vaiziva kuti kana vakawira mumaoko emaRamani, kuti ani nani zvake “achanamata Mwari ^bmumweya nemuchokwadi, Mwari vechokwadi vopenyu, maRamani vachaparadza.

11 Hongu, uye vaizivawo ruvengo rwakaipa rwemaRamani “kuhama dzavo, vakanga vari maAndi-Nifai-Rihai, vainzi vanhu vaAmoni—uye vakanga vasingade kutora zvombo, hongu, vakanga vaita chibvumirano uye vakanga vasingade kuchityora—naizvozvo, kana vaiwira mumaoko emaRamani vaizoparadzwa.

12 Uye maNifai havaibvumira kuti vaparadzwe; naizvozvo vakavapa nyika senhaka yavo.

43 2a NKM Hupirisita
hwaMerkizedeki.
4a Aruma 35:2-14; 52:33.

9a Aruma 44:5; 46:12.
b NKM Rusununguko.
10a NKM Kunamata.

b Joh. 4:23-24.
11a Aruma 24:1-3, 5, 20;
25:1, 13; 27:2, 21-26.

13 Uye vanhu vaAmoni vakapa kumaNifai chidimbu chikuru chepfuma yavo kuti vatsigire mauto avo; uye saka maNifai vakamanikidzwa kuti vamisi-kidzane nemaRamani, vega, uye vakanga vakasangana naRamani naRemueri, nevanakomana vaShmaeri, neavo vose vakanga vapanduka kumaNifai, vave maAmarekai nemaZoramu, “nezvizvarwa zvevapirisita vaNoa.

14 Zvino zvizvarwa izvi zvakanga zvakawanda, uye kunge sekuwanda kwemaNifai; nokudaro maNifai vakamanikidzwa kuti vanetsane nehama dzavo, zvekuti zvakasvika mukudeuka kweropa.

15 Uye zvakaitika kuti mawuto emaRamani aungana pamwechete munyika yaAndionumu, tarisai, mawuto emaNifai akanga akagadzirira kusangana nawo munyika yeJeshoni.

16 Zvino, mutungamiri wemaNifai, kana kuti murume akanga anzi ndiye mukuru wemauto emaNifai—zvino mukuru wemauto ndiye akatungamirira mauto ose emaNifai—uye zita rake ainzi Moronai;

17 Uye Moronai ndiye akatora ukuru hwose, nokutonga hondo dzavo. Uye akange aine makumi maviri emakore nemashanu chete ekuberekwa paakaitwa mukuru wemauto emaNifai.

18 Uye zvakaitika kuti akasangana nemaRamani munyika yeJeshoni, uye vanhu vake vakanga vaine minondo, nezvi-

panga, nezvimwe zvakasiyana siyana zvezvombo zvehondo.

19 Uye mauto emaRamani paakaona kuti vanhu vaNifai, kana kuti Moronai, akanga agadzirira vanhu vake nokuvapa zvidzitiro zvepazvipfuva nenhowo, hongu, nenhowo dzokudzivirira misoro yavo, uyewo vakapfeka nhumbi hobvu—

20 Zvino mauto aZerahemuna akanga asina kunge agadzirira zvinhu zvakadaro; vakanga vaine minondo yavo chete nezvipanga zvavo, uta hwavo, nemiseve, matombo avo nezvinziriri zvavo; uye vakanga “vasina kusimira, kunze kwekatehwe kakanga kakasunga zvino zvavo; hongu, vose vakanga vasina chavakapfeka, kunze kwemaZoramu nemaAmarekai;

21 Asi vakanga vasina zvidzitiro zvepazvipfuva, kana nhowo—naizvozvo, vakatya zvikuru mauto emaNifai nenzira yenhumbi dzavo, kana dai zvazvo vakanga vakawanda kupfuura maNifai.

22 Tarisai, zvino zvakaitika kuti vakatya kurwisa maNifai munyika yeJeshoni; naizvozvo vakabva munyika yeAndionumu vakapinda murenje, vakatora rwendo rwavo vachipota nerenje, kure nechekumusoro kwerwizi rweSidhoni, kuti vauye munyika yeMandi uye kuti vaitore; nokuti havana kufunga kuti mauto aMoronai angazive kuti vaenda kupi.

23 Asi zvakaitika kuti, pavakangopinda murenje chete

Moronai akatuma vasori murenje kunotarisa misasa yavo; uye Moronaiwo, achiziva zviporofita zvaAruma, akatumira vanhu kwaari, achimukumbira kuti abvunze kuna Ishe “kuti mauto emaNifai angaende here kunorwisana nemaRamani kuti azvidzivirire.

24 Uye zvakaitika kuti shokoraIshe rakauya kuna Aruma, uye Aruma akataurira nhumwa dzaMoronai, kuti mauto emaRamani ari kufamba nenzira inotenderera murenje, kuti agobuda ave munyika yaMandi, kuti agotanga kurwisa kune vanhu vasina kusimba. Uye nhumwa idzi dzakaenda dzikapa mashoko aya kuna Moronai.

25 Zvino Moronai, akasiya mamwe emauto ake munyika yeJeshoni, achiitira kuti zvimwe vamwe vemaRamani vangangoyaya munyika umu uye vakavatorera guta ravo, ndokubva atora vamwe vemauto ake ndokubva avatora akaenda kunyika yeMandi.

26 Uye akaita kuti vanhu vose vemuchikamu chenyerika ichocho vaungane pamwechete kuti varwisane nemaRamani, kuti “vadzivirire nyika yavo neminda yavo, zvinhu zvavo nerusununguko rwavo; naizvozvo vakagadzirira nguva yaizouya maRamani.

27 Uye zvakaitika kuti Moronai akaita mauto ake kuti ahwandire munhika yaive pedyo nerwizi rweSidhoni, rwakanga rwuri

nekumadokero erwizi rweSidhoni murenje.

28 Uye Moronai akaisa vasori kwose-kwose, kuti azive kana maRamani ouya.

29 Uye zvino, sezvo Moronai akange achiziva zvaida kuitwa nemaRamani, kuti vakanga vachida kuparadza hama dzavo, kana kuti kuvabata kuti vavaise muusungwa kuti vagozviitira umambo hwenyika yose;

30 Uye iyewo aiziva kuti chido chemaNifai chaive chekuti vachengetedze nyika yavo, “nerusununguko rwavo, nechechi yavo, naizvozvo akafunga kuti hachingave chitema kuti azvidzivirire neunyengetedzi; naizvozvo, akaziva, nenzira yevasori vake, gwara rakanga richizotorwa nemaRamani.

31 Naizvozvo, akapatsanura mauto ake ndokuisa mamwe mauto munhika, uye ndokuvahwandisa vari nechekumabvazuva, nechekumaodzanyemba echikomo chinonzi Ripura;

32 Uye vakasara akavahwandisa munhika yekumadokero, kumadokero kwerwizi rweSidhoni, uye zvichidzika kumiganhu yenyika yeMandi.

33 Uye apedza kuisa mauto ake maakanga achida, akanga agadzirira kusangana navo.

34 Uye zvakaitika kuti maRamani akauya nechekuchamhembe kwechikomo, uko kwakanga kwakahwanda chimwe chidimbu chemauto aMoronai.

35 Uye sezvo maRamani akanga apfuura chikomo cheRipura,

uye vakauya munhika, ndokutanga kuyambuka rwizi rweSidhoni, mauto akanga akahwandira ari kumaodzanyemba kwechikomo, akanga achitungamirwa nemurume ainzi "Rihai, uye akabva atungamirira mauto ake uye akakomberedza maRamani nechekumabvazuva vari shure kwavo.

36 Uye zvakaitika kuti maRamani paakaona maNifai vachiuva neshure kwavo, vakatendeuka vakatanga kurwa nemo auto aRihai.

37 Uye basa rekuurayana rakatanga kumativi ose, asi zvakanga zvakanyanya kuipa kumaRamani, nokuti "kusasimira kwavo kwakavafumura kukaita kuti kubaiwa kwavo kuve nyore kumaNifai vaive neminondo yavo nezvipanga zvavo, zvaikurumidza kuvauraya.

38 Kune rumwe rutivi kune muNifai aipunzika nenguva iri kure, vabaiwa neminondo yavo nokurasikirwa neropa, ivo vakadzivirirwa nenhowo kuti vasabaiwe munzvimbo dzakaipa dzemuviri, kana kuti nzvimbo dzakaipa dzemuviri dzainge dzakadzivirirwa kuti vasabaiwe nemaRamani "nezvidzitiro zvavo zvepazvipfuva, nenhowo dzavo dzemumaoko, nezvidzitiro zvemisoro yavo; uye saka maNifai akaita basa rerufu mukati memaRamani.

39 Uye zvakaitika kuti maRamani akapindwa nekutya, pamusoro pekuona kuparadzwa

kukuru kwavakanga vachiitwa, zvekuti vakatanga kutiza vakanga kurwizi rweSidhoni.

40 Uye vakatandani swa naRihai nevanhu vake; uye Rihai akavatinhira kumvura dzeSidhoni, uye vakayambuka mvura dzeSidhoni. Uye Rihai akamisa mauto ake pamahombekombe erwizi rweSidhoni kuti vasayambuke.

41 Uye zvakaitika kuti Moronai nemo auto ake vakasangana nemaRamani munhika, kumhiri imwe yerwizi rweSidhoni, uye vakatanga kuwira pavari vachivauraya.

42 Uye maRamani akatiza zvakare, vakananga kunyika yeMandi; uye vakasanganyikwa navo zvakare nemo auto aMoronai.

43 Zvino panguva iyoyi maRamani akarwisa zvinotyisa; hongu, maRamani haana kumbozivikanwa kuti angarwe zvikuru kudaro nesimba guru nekusatya, kwete, kana kubvira pakutanga.

44 Uye vakakuridzirwa "nemaZoramu nemaAmarekai, avo vakanga vakavatungamirira sevaku ru vemo auto, naZerahemuna, akanga ari mukuru wemo auto, kana kuti mutungamiri wavo mukuru uye ari mukuru wemo auto; hongu, vakarwa sezvikara, uye vazhinji vemaNifai vakauraiwa nemaoko avo, hongu, nokuti vakave vanotsemura nepakati zvizhinji zve-zvidzitiro zvemisoro yavo, uye vakaboora zvidzitiro zvavo

zvepazvipfuva, uye vakavadi-
mbura maoko mazhinji, saka
ndiko kurwisa kwakaita maRa-
mani vadya marasha nehasha.

45 Zvakadaro maNifai akaku-
ridzirwa nechimwe chikonzero
chiri nani, nokuti vakange
“vasingarwire umambo kana
simba asi vakanga vachirwira
misha yavo, ^bnorusununguko
rwavo, vakadzi vavo nevana
vavo, nezvinhu zvavo zvose,
hongu, mvumo yavo yekuna-
mata nechechi yavo.

46 Uye vakanga vachiita zva-
vaifunga kuti “ibasa ravaifanira
kuitira Mwari vavo; nokuti Ishe
vakanga vati kwavari, nekuma-
dzibaba avo, kuti: ^bKana musina
chete kubatwa nemhosva ‘yeku-
tanga, kana yechipiri, hamuzo-
bvumira kuti mubaiwe neruoko
rwevavengi venyu.

47 Uye zvakare, Ishe vakati:
“Muchadzivirira mhuri dzenyu
kana dai zvichireva kuti mude-
ure ropa. Naizvozvo ndicho
chikonzero chakaita kuti ma-
Nifai arwisane nemaRamani,
kuti vazvidzivirire, nemhuri
dzavo, neminda yavo, nezvavo,
nekunamata kwavo.

48 Uye zvakaitika kuti vanhu
vaMoronai pavakaona hashu
dzinotyisa dzemaRamani, vaka-
nga vave kuda kuti vadududze
vatize. Uye Moronai, aona zva-
vakanga vachida kuita, akatu-
mira akakurudzira mwoyo
yavo nepfungwa idzi—hongu,
pfungwa dzeminda yavo,

rusununguko rwavo, hongu,
rusununguko rwavo kubva
muusungwa.

49 Uye zvakaitika kuti vaka-
pindukira maRamani, “vaka-
chema nezwi rimwechete kuna
Mwari vavo, kuti vawane ru-
sununguko rwavo nekusunu-
ngurwa kubva muusungwa.

50 Uye vakatanga kumisiki-
dzana nemaRamani nesimba;
uye munguva iyoyo yavaka-
chema kuna Ishe kuchemera ru-
sununguko rwavo, maRamani
akatanga kutiza; uye vakatiza
vakasvika kumvura dzeSidhoni.

51 Zvino, maRamani akanga
akawanda kuvapfuura, hongu,
vakanga vakawanda zvakape-
twa kaviri kupfuura maNifai;
zvakaadaro, vakaunganidzana
pamwechete munhika pamaho-
mbekombe perwizi rweSidhoni
vave chinhu chimwechete.

52 Naizvozvo mauto aMoronai
akavatenderedza, hongu, kana
nekumhiri dzose dzerwizi, no-
kuti tarisai, kumadokero kwa-
kanga kuine vanhu vaRihai.

53 Naizvozvo Zerahemuna
paakaona vanhu vaRihai vari
nechekumabvazuva erwizi rwe-
Sidhoni, uye mauto aMoronai
ari kumadokero kwerwizi rwe-
Sidhoni, kuti vakanga vakako-
mbwa nemaNifai, vakapindwa
nokutya.

54 Zvino Moronai, paakaona
kutya kwavo, akatuma vanhu
vake kuti vachirega kudeura
ropa.

45a Aruma 44:5.

b NKM Rusununguko.

46a NKM Basa.

b Aruma 48:14;

D&Z 98:33–36.

c 3 Ni. 3:21;

D&Z 98:23–24.

47a D&Z 134:11.

49a Eks. 2:23–25;

Mosaya 29:20.

CHITSAUKO 44

Moronai akaudza maRamani kuti vaite chibvumirano cherunyararo kana vasingade kuparadzwa — Zerahemuna anozviramba izvi, uye kurwa ndokubva kwatanga patsva—Mauto aMoronai anokurira maRamani. Zvingangove makore 74 kusvika ku73 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti vakamira kurwa vakadududza. Uye Moronai akati kuna Zerahemuna: Tarisai, Zerahemuna, “hatidi kuve vanhu veropa. Unoziva kuti muri mumaoko edu, asi hatidi kukuurayai.

2 Tarisai, hatina kuuya kuzorwa nemi kuti tiparadze ropa renyu nenzira yekuda simba; zve hatidi kuti tiwane watinoisa muusungwa. Asi ichochi ndicho chikonzero chaite kuti imi muzotirwisa; hongu, uye makatishatirirwa pamusana pekunamata kwedu.

3 Asi zvino, muri kuona kuti Ishe vanesu; uye muri kuzviona kuti akuisai mumaoko edu. Uye zvino ndinoda kuti muzive kuti izvi zvinoitirwa isu pamusana pekunamata kwedu norutendo rwedu muna Kristu. Uye zvino maona kuti hamungaparadze rutendo rwedu urwu.

4 Zvino maona kuti urwu ndirwo rutendo rwechokwadi rwaMwari; hongu, munoona kuti Mwari vanotitsigira, uye vachitichengeta, uye vachitichengetedza, kana tiri tine rutendo

mavari; nemurutendo rwedu, nemukunamata kwedu; uye Ishe havafe vakabvumira kuti tiparadzwe kunze kwekunge tatowira mukutadza uye taramba rutendo rwedu.

5 Uye zvino, Zerahemuna, ndinokuraira kuti, muzita raivo Mwari Samasimba, avo vakasimbisa maoko edu kuti tiwane simba pamusoro penyuru, nerutendo rwedu, nekunamata kwedu, “netsika yedu yekunamata, nechechi yedu, nerutsigiro runoyera rwatinopa kuvakadzi vedu nevana vedu, ^bnerusununguko urwo rwunotisunganidza nenzvimbo yedu nenyika yedu; uye hongu, nokuchengetedzawo shoko rinoyera raMwari, uko kwatipa rufaro rwedu rwose; nezvose zvinokosha zvikuru kwatiri—

6 Hongu, uye izvi hazvizivzo zvose; ndinokutaurira noku-shuwa kwako kwose upenyu, kuti zvombo zvenyu zvose zvehondo muzviye kwatiri, uye hatizotsvaka ropa renyu, tinokusiyayi muri vapenyu, kana mukaenda mukasadzoka zve kuzotirwisa zvakare.

7 Uye zvino, kana mukasaita izvi, tarisa, muri mumaoko edu, uye ndinoudza vanhu vangu kuti vakusvetukirei, uye vago-kupai maronda orufu mumiviri yenyu, kuti musazomboonekwa zve; uye tigozoona kuti anesimba pamusoro pevanhu ava ndiani; hongu, tichaona kuti ndiani achaiswa muusungwa.

8 Uye zvino zvakaitika kuti

Zerahemuna paakanzwa kutaura uku akauya akapa munondo wake nechipanga chake, neuta hwake mumaoko aMoronai, uye akati kwaari: Tarisai, hezvi-no zvombo zvedu zvehondo; tinozvipa kwaari, asi hatibvume kuti tiite “chitsidzo kwaari, chatinoziva kuti tinozochityora, uye kana nevana vedu; asi tora zvombo zvedu zvehondo, uye utibvumire kuti tibve tiende murenje; kana usingade tinoramba tiine minondo yedu, uye zvinoita kuti tife kana kukunda.

9 Tarisai, hatizi verutendo rwenyu; hatitende kuti ndiMwari atiisa mumaoko enyu; asi tintenda kuti kuchenjera kwenyu kwakunzvengesai kubaiwa neminondo yedu. Tarisai, “zvidzitiro zvepazvipfuva nenhowo dzenyu dzakudzivirirai.

10 Uye zvino Zerahemuna zvaakanga agumisa kutaura mazwi aya, Moronai akadzora munondo nezvombo zvehondo, zvaakanga agashidzwa, kuna Zerahemuna, achiti: Tarisai, tichapedza hondo yacho.

11 Zvino handigone kudzora mazwi andataura, naizvozvo sekuve mupenyu kwaIshe, hamubve pano kunze kwekunge maita chitsidzo chekuti hamuchazodzoka zvakare kuzorwisana nesu. Zvino sezvo muri mumaoko edu ticha deurira ropa renyu pasi, kana kuti muchatevedza zvandakupai.

12 Uye zvino Moronai apedza kutaura mazwi aya, Zerahemuna akaramba aine munondo

wake, uye akashatirirwa Moronai, uye akamhanya kuti zvimwe amubaye Moronai; asi paaisimudza munondo wake, tarisai, mumwe wemauto aMoronai akaurova zvekuti wadonhera pasi, uye ukatyoka nechekumupakato; uye akabva abayawo Zerahemuna zvekuti akamukwadabura mhanza uye ikawira pasi. Uye Zerahemuna akabva mavari akapinda pakati pemauto ake.

13 Uye zvakaitika kuti muuto akanga amire zvake, akatema Zerahemuna nepachipande chichibva chadonha, akachinonga kubva pasi akabata vhudzi, uye ndokubva achibairira pamunondo wake, uye ndokuchisimudzira kwavari, achiti kwavari nezwi guru:

14 Sekuwira pasi kwaita chipande ichi, chiri chipande chemukuru wenyu, ndokuwira kwamuchaita pasi imi kunze kwekunge matipa zvombo zvenyu zvehondo uye moenda muine chibvumirano cherunyararo.

15 Zvino vakanga vakawanda, pavakanzwa mazwi aya nokuona chipande chakanga chiri pamunondo, vakabatwa nokutya; uye vazhinji vakauya uye vakakanda zvombo zvavo zvehondo pamakumbo aMoronai, vakapinda “muchibvumirano cherunyararo. Uye vose vakaita chibvumirano vakabvumirwa kubva vachienda murenje.

16 Zvino zvakaitika kuti Zerahemuna akashatirwa zvikuru, uye akaita kuti avo vevarwi

vake vakanga vasara vashati-rwewo, kuti varwe nesimba nemaNifai.

17 Uye zvino Moronai akashatirwa, pamusoro pehushwindi hwemaRamani; naizvozvo akadudza vanhu vake kuti vawire pamusoro pavo vavauraye. Uye zvakaitika kuti vakatanga kuvauraya; hongu, uye maRamani akarwisa neminondo yavo nesimba ravo.

18 Asi tarisai, miviri yavo isina kusimira nemisoro yakanga isina chakadzivirira yakapindwa neminondo yaipinza yemaNifai; hongu, tarisai vakabaiwa vakatemwa, hongu, uye vakapunzwa zvakaipa nokukurumidza neminondo yemaNifai; uye vakatanga kurakashwa, sekuporofita kwakanga kwaita muuto waMoronai.

19 Zvino Zerahemuna, paakawona kuti vose vakanga voda kuparadzwa, akachema zvikuru kuna Moronai, achivimbisa kuti anoita chibvumirano navo iye nevanhu vake, kana vakabvuma kusauraya vakanga vasara, kuti “havachazofa vakauya kuzoita hondo navo zvakare.

20 Uye zvakaitika kuti Moronai akaita kuti basa rekuuraya rimiswe zvakare. Uye akatora zvombo zvehondo kubva kumaRamani; uye mushure mekunge vaita “chibvumirano naye cherunyararo vakabvumirwa kuti vabve vaende murenje.

21 Zvino uwandu hwevanhu vavo vakanga vafa hauna kuverengwa nokuti vakanga vaka-

wandisa; hongu, uwandu hwevakanga vafa vavo hwakanga huri hukuru zvikuru, mativi ose kumaNifai nekumaRamani.

22 Uye zvakaitika kuti vakakanda zvitunha zvevakafa vavo mumvura dzeSidhoni, uye zvakatoenda uye zvakafusirwa muudzamu hwegungwa.

23 Uye mauto emaNifai kana kuti aMoronai, akadzokera kudzimba neminda yavo.

24 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechigumi nesere rekutongwa kwemaNifai nevatongi. Uye ndiko kupera kwakaita zvinyorwa zvaAruma, zvakanyorwa pamahwendefa aNifai.

Rungano rwevanhu vaNifai, nehondo dzavo nokupesana kwavo, mumazuva aHiramani, maererano nezvinyorwa zvaHiramani, zvaakachengeta mumazuva ake.

*Zvichisanganisa zvitsauko
45 kusvika ku62.*

CHITSAUKO 45

Hiramani anotenda mazwi aAruma — Aruma anoporofita kuparadzwa kwemaNifai — Anoropafadza nokutuka nyika — Aruma angangodaro akatorwa neMweya, kana sezvakaitwa Mosesi — Kupesana kunokura muChechi. Zvingangove makore 73 Kristu asati azoarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakafara zvikuru, nokuti Ishe vakanga vavabvisa

zvakare mumaoko evavengi vavo; naizvozvo vakatenda Ishe Mwari vavo; hongu, uye “vakatsanya zvikuru nokunamata zvikuru, uye vakarumbidza Mwari nemufaro mukuru kwazvo.

2 Uye zvakaiteka kuti mugore rechigumi nepfumbamwe rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi, Aruma akauya kumwanakomana wake Hiramani uye akati kwaari: Unotenda here mazwi andakataura kwa- uri maererano “nezvinyorwa zviya zvakachengetwa?

3 Uye Hiramani akati kwaari: Hongu, ndinotenda.

4 Uye Aruma akati zvakare: Unotenda here muna Jesu Kristu, uyo achauya?

5 Uye iye akati: Hongu, ndinotenda ose mazwi amakataura.

6 Uye Aruma akati kwaari zvakare: “Uchachengeta mirairo yangu here?

7 Uye akati: Hongu, ndichachengeta mirau yenyu nemwoyo wangu wose.

8 Zvino Aruma akati kwaari: Wakaropafadzwa iwe; uye Ishe vachakuita kuti “ubudirire munyika.

9 Asi tarisai, ndine chimwe chandinoda “kuporofita kwauri; asi zvandichakuporofita hauna waunofanira kutaurira; hongu, zvandichakuporofita hazvifanire kuzivikanwa, kana kusvika pakuzadzikiswa kwazvo; saka nyora mazwi andichataura.

10 Uye aya ndiwo mazwi acho: Tarisai, ndiri kuona kuti ivava vanhu ava, maNifai, maererano nemweya wekuzarurirwa uri mandiri, mushure memazana “mana emakore kubvira panguva Jesu Kristu yaanenge azviratidza kwavari, vachaderera ^bmukusatenda.

11 Hongu, uye vachaona hono nezvirwere, hongu, nzara nekudeuka kweropa, kana kusvika “mukupera kwevanhu vaNifai—

12 Hongu, nepamusana pekuti vachaderera mukusatenda uye vowira mumabasa erima, “neupombwe, nezvitadzo zvakasiyana-siyana; hongu, ndinoti kwamuri, nenzira yekuti vanotadza ivo vari muchiedza uye vaine ruzivo, hongu, ndinoti kwauri, kubvira zuva iroro, kana chizvarwa chechina hachichapfuura kutadza kukuru uku kusati kwauya.

13 Uye kana zuva iroro richiuya, tarisai, nguva irikuuya zvinouno yekuti avo vari, kana kuti mbeu yaavo pari zvino vari kuverengerwa mukati mevanhu vaNifai, “havazoverengwa mukati mevanhu vaNifai.

14 Asi avo vanenge vasara, uye vakasaparadzwa muzuva rinotyisa iro, “vachaverengerwa kumaRamani, uye vachafanana navo, kune zvose, kunze kwevashoma vachadaidzwa kuti vadzidzi vaIshe; uye ivavo

45 1a NKM Kutsanya.

2a Aruma 37:1-5; 50:38.

6a NKM Mirairo

yaMwari; Anoteerera.

8a 1 Ni. 4:14;

Aruma 48:15-16, 25.

9a NKM Huporofita.

10a 1 Ni. 12:10-15;

Hir. 13:9;

Morm. 8:6-7.

b NKM Kurasika

Pachitendero;

Kusadaira.

11a Jar. 1:10;

Morm. 8:2-3, 6-7.

12a NKM Ruchiva.

13a Hir. 3:16.

14a Moro. 9:24.

vachavhimwa nemaRamani kana ^bkusvikira vatopera. Uye zvino, nenzira yezvitadzo, huporofita huno huchazadzikiswa.

15 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Aruma ataura zvinhu izvi kuna Hiramani, akamuropafadza, nevamwe vana vakewo; uye akaropafadzawo nyika nokuda “kwevakarurama.

16 Uye akati: Ishe Mwari vanoti—Nyika ino “ichatukwa, hongu, nyika ino, kumarudzi ose, hama, rurimi, nevanhu, kusvika mukuparadzwa, avo vanoita zvakaipa, ivo vari vabva zvakakwana; uye sekutaura kwandaita ndozvazvichaita; nokuti uku kutuka ^bnekuropafadza kwaMwari munyika, nokuti Ishe havagone kutarisa pachitadzo vaine ^cchimwe chavanganatse pachiri.

17 Uye zvino, Aruma ataura mazwi aya akaropafadza “chечи, hongu, vose avo vachasimba murutendo kubvira panguva iyo.

18 Uye Aruma aita izvi akabva munyika yeZarahemura, sekunge ari kuenda munyika yeMereki. Uye zvakaitika kuti haana kuzonzwikwa kubva kwaari zvakare; kufa nekuvi-gwa kwake hatikuzive.

19 Tarisai, izvi ndizvo zvatinoziva, kuti akanga ari murume akarurama; uye kutaura kwakafamba nechечи rose

kuti akatorwa neMweya, kana kuti “akavigwa neruoko rwaIshe, sezvakaitwa Mosesi. Asi tarisai, magwaro anoti Ishe vakatora Mosesi; uye tinofungawo kuti akagashirawo Aruma mumweya; naizvozvo, nechikonzero ichi hapana chatinoziva maerano nokufa kana kuvigwa kwake.

20 Uye zvino zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechigumi nepfumbamwe rekutongwa kwemaNifai nevatongi, Hiramani akaenda mukati mevanhu akanotaura shoko kwavari.

21 Nokuti tarisai, pamusana pehondo dzavo nemaRamani netwuzhinji tweekupesana kwavo twusina maturo nokukanganisana kwaive pakati pevanhu, zvakaonekwa zvakafanira kuti “shoko raMwari ritaurwe kwavari, hongu, nokutiwo kuitwe chisungo muchечи kwosekwose.

22 Naizvozvo, Hiramani nevamwe vake vakaenda kunovandudzira nokumutsidzira cheчи munyika, hongu, muguta rega-rega munyika yose yakanga iri yevanhu vaNifai. Uye zvakaitika kuti vakaisa vapirisita nevadzidzisi munyika yose, mumacheчи ose.

23 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunge Hiramani nevamwe vake vaisa vapirisita nevadzidzisi mumacheчи pakave “nekunetsana pakati pavo,

14b Moro. 1:1–3.

15a Aruma 46:10; 62:40.

16a 2 Ni. 1:7;

Aruma 37:31;

Eta 2:8–12.

b D&Z 130:21.

c D&Z 1:31.

17a NKM Cheчи yaJesu

Kristu.

19a NKM Vanhu

Vakapindurwa.

21a Aruma 31:5.

23a 3 Ni. 11:28–29.

uye havana kuteerera kumazwi aHiramani nehama dzake.

24 Asi vakavamba kudada, vakazvikudza mumwoyo mavo, pamusoro a^apeupfumi hwavo hwakawanda; naizvozvo vakakura muupfumi hwavo mumaziso ^bavo, uye vakasateerera mazwi avo, kuti vafambe vakatwasanuka pamberi paMwari.

CHITSAUKO 46

Amarikaya anofunga zvekutora umambo—Moronai anosimudza mureza werusununguko—Anoti vanhu ngavadzivirire kunamata kwavo—Vatendi vechokwadi vanodaidzwa kuti muKristu—Vakasara vema yaJosefa vachachengezedzwa—Amarikaya nevapanduki vanotizira kunyika yaNifai—Avo vasingatsigire rusununguko vanouraiwa. Zvingangove makore 73 kusvika ku72 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti uzhinji hweavo vakanga vasingade kuteerera kumazwi aHiramani nevamwe vake vakaungandzana pamwechete kuti varwise hama dzavo.

2 Uye zvino tarisai, vakashatirwa zvikuru, zvokuti vakashinga kuti vavauraye.

3 Zvino mutungamiri weavo vakanga vashatirirwa hama dzavo akanga ari rimwe rume hombe rakasimba; uye zita rake ainzi Amarikaya.

4 Uye Amarikaya aida kuti ave

mambo; uye avo vanhu vakanga vashatirwa vaidawo kuti ave mambo wavo; uye vakanga vari ivo vakawanda pavatongi a^avadiki venyika, uye vakanga vachitsvaka simba.

5 Uye vakanga vatorwa neku-nyengedzwa naAmarikaya, kuti vakamutsigira uye vakamuita kuti ave mambo aizovaita kuti vave vatongi vevanhu.

6 Ndokunyengedzwa kwavakaitwa naAmarikaya vakapinda mukupesana, kana dai zvazvo Hiramani nevamwe vavo vaparidzira, hongu, kana dai zvazvo vakanga vachichengezedza chechi zvikuru, nokuti ndivo vakanga vari vapirisita vepamusoro pechechi.

7 Uye kwakanga kuine vazhinji muchechi vaitenda mazwi ekunyengedza aAmarikaya, naizvozvo naivo vakabva muchechi; uye ndokusaka nyaya dzevanhu vaNifai dzakanga dzisina kunyatsoti twasa uye dziine ngozi, kana dai zvazvo vakanga a^avakurira maRamani, nokufara kwavo kukuru kwavakanga vaita pamusana pokuti Ishe vakanga vavaponesa.

8 Naizvozvo tinoona kuti vana vevanhu a^avanokurumidza sei kukanganwa Ishe Mwari vavo, hongu, vanokurumidza sei kuita zvitadzo, nokutakurwa nadhiabhorosi.

9 Hongu, uye tinoonawo kuti a^ahuipi hukuru hunogona kukonzerwa nemunhu mumwechete akaipa kwazvo pakati pevana vevanhu.

24a NKM Upfumi.
b NKM Kudada.

46 4a Mosaya 29:11, 28–29.
7a Aruma 44:19–20.

8a Hir. 12:2, 4–5.
9a Mosaya 29:17–18.

10 Hongu, uye tinoona kuti Amarikaya, pamusana pekuti aive murume ane hudzvotsvo, uye ari murume ane mazwi mazhinji ekunyengedza, zvekuti akanyengedza mwoyo yevanhu vazhinji vakapinda mukuita zveupi; hongu, nokutsvaka kuparadza chechi yaMwari, nokuparadza hwaro “hwerusununguko rwavakanga vapihwa naMwari, kana kuti maropafadzo akanga atumirwa pamusoro penyika kuitira ^bvakarurama.

11 Uye zvino zvakaitika kuti Moronai, uyo akanga ari iye “mukuru wemauto amaNifai, pakanzwa nezvekupesana kwose uku, akashatirirwa Amarikaya.

12 Uye zvakaitika kuti akatsemura bhatye rake; uye akatora chipenga charo, akanyora pachiri kuti—“Mukurangarira Mwari vedu, kunamata kwedu, nerusununguko, nerunyararo rwedu, vakadzi vedu, nevana vedu—ndokubva achisungirira kumuro kwebango.

13 Uye ndokubva asunga chidzitiro chake chemumusoro, nechidzitiro chake chepachipfuva, nenhowo dzake, ndokusunga chiuno chake nenguwo yehondo; uye ndokutora bango, raakanga akasungirira chipenga chebhatye rake, (uye ndokuchidaidza kuti mureza werusununguko) uye akapfugama pasi, akanamata zvikuru kuna Mwari vake pamusoro pemapafadzo erusununguko kuti rwuve pa-

hama dzake, kana paine chikwata chemaKristu chiripo chasara kuti chitore nyika—

14 Nokuti vose vakanga vari vatendi vechokwadi muna Kristu, vaive vechechi yaMwari, ndiko kudaidzwa kwavaitwa neavo vakanga vasiri vechechi.

15 Uye vose avo vakanga vari vechechi vakanga vaine rutendo; hongu, vose avo vaive vatendi vechokwadi muna Kristu vakatora, nokufara, “zita raKristu, kana rekunzi ^bmaKristu sekudaidzwa kwavaitwa, pamusana perudairo rwavo muna Kristu uyo akanga achizouya.

16 Uye naizvozvo, panguva iyi, Moronai akanamata kuti basa remaKristu, nerusununguko rwenyika zvikomborerwe.

17 Uye zvakaitika kuti paakanga adira mweya wake kuna Mwari, akadaidza dunhu rose rakanga riri kumaodzanyemba enyika “yeKuparadzwa, hongu, uye muchidimbu, yose nyika, kwose kuchamhembe nekumaodzanyemba—kuti nyika yakasarudzwa, nenyika yerusununguko.

18 Uye akati: Chokwadi Mwari havazobvumira kuti isu, tinoshorwa pamusana pekuti tinotakura zita raKristu, titsikirirwe nokuparadzwa, kudakara tatozvidenhera nokutadza kwedu.

19 Uye Moronai zvaakanga ataura mazwi aya, akaenda mukati mevanhu, achisimudzira chipenga “chenhumbi yake mudenga,

10a 2 Ni. 1:7;
Mosaya 29:32.

b 2 Ni. 1:7.

11a Aruma 43:16-17.

12a Neh. 4:14;

Aruma 44:5.

15a Mosaya 5:7-9.

b Mabasa 11:26;

I Pet. 4:16.

17a Aruma 22:30-31.

19a NKM Mureza.

kuti vose vaone zvaakanga anyora pachipenga, uye achidaidzira nezwi guru, achiti:

20 Tarisai, ani zvake achadzivirira mureza uyu munyika, ngavauye vari musimba raIshe, uye vaite chibvumirano chekuti vachachengetedza zvinofanira kuve zvavo, uye nekunamata kwavo, kuti Ishe Mwari vavapafadze.

21 Uye zvakaitika kuti Moronai paakanga ataura mazwi aya, tarisai, vanhu vakauya vachimhanya pamwechete nezvombo zvavo zvakasangirirwa muzviuno zvavo, vachitsemura nhumbi dzavo sechiratidzo, kana sechibvumirano, chokuti havafe vakasiya Ishe Mwari vavo; kana kuti, nemamwe mazwi, kana vakatyora mirairo yaMwari, kana kuwira muzvitadzo, uye “vagonyara kutora zita raKristu, Ishe vachavatsemura kana sekutsemura kwavaita nhumbi dzavo.

22 Zvino ichi ndicho chaive chibvumirano chavakaita, uye vakakanda nhumbi dzavo pamakumbo aMoronai, vachiti: Tinoita chibvumirano naMwari vedu, kuti tichaparadzwa, kana sezvakaitwa hama dzedu munyika iri nechekuchamhembe, kana tikapinda mukutadza; hongu, ngaatika-nde pasi petsoka dzevavengi vedu, kana sekukanda kwaitaita nhumbi dzedu patso-ka dzako kuti dzitsikirirwe

netsoka, kana tikawira mukutadza.

23 Moronai akati kwavari: Tarisai, tiri vakasara vembeu yaJakobo; hongu, tiri vakasara “vembeu ^byaJosefa, uyo ‘anebhatye rakabvarurwa nevakoma vake rikaitwa zvipenga-zvipenga zvakawanda; hongu, uye zvino tarisai, ngatirangarirei kuchengeta mirairo yaMwari, kana kuti nhumbi dzedu dzichatsemurwa nehama dzedu, uye isu tigokandwa mutirongo, kana kutengeswa, kana kuuraiwa.

24 Hongu, ngatichengetedzei rusununguko rwedu “sevasara vaJosefa; hongu, ngatirangarirei mazwi aJakobo, asati afa, nokuti tarisai, akaona kuti chipenga chebhatye raJosefa chakachengetedzwa uye hachina kuora. Uye akati—Kana sekuchengetedzwa kwakaitwa ichi chipenga chebhatyi remwanakomana wangu, saka avo ^bvakasara vembeu yemwanakomana wangu vachachengetedzwa neruoko rwaMwari, uye vagotorwa naivo, apo vakasara vembeu yaJosefa vachafa, kana sechipe-nga chakasara chebhatye rake.

25 Zvino tarisai, izvi zvinopa mweya wangu kusuwa; zvakadaro, mweya wangu unerufaro mumwanakomana wangu, pamusoro pechidimu chembeu yake chichatorwa naMwari.

26 Zvino tarisai, uyu ndiwo waiva mutauro waJakobo.

21a 1 Ni. 8:25–28;
Morm. 8:38.

23a Gen. 49:22–26;
1 Ni. 5:14–15.

b NKM Josefa,
Mwanakomana
waJakobo.
c Gen. 37:3, 31–36.

24a Amosi 5:15;
3 Ni. 5:21–24; 10:17.
b 2 Ni. 3:5–24;
Eta 13:6–7.

27 Uye zvino ndiani anoziva kuti avo vembeu yaJosefa vakasara, vachafa sekufa kwakaita nhumbi dzake, ndivo vakapanduka kubva kwatiri? Hongu, uye tichadarowo nesu kana tisingamire takasimba murutendo muna Kristu.

28 Uye zvino zvakaitika kuti Moronai zvaakanga ataura mazwi aya akabva aenda, uye akatumirawo vamwe kumativi ose enyika kwakanga kuine kupesana, uye akaunganidza pamwechete vanhu vose vaida kuchengetedza rusununguko rwawo, kuti varwisane naAmarikaya neavo vakanga vabva mune vamwe, vakanga vave vanhu vaAmarikaya.

29 Uye zvakaitika kuti Amari-kaya paakaona kuti vanhu va-Moronai vakanga vakawanda kupfuura vaAmarikaya—uye akaonawo kuti vanhu vake vakanga vasina chokwadi nekururama kwebasa ravakange vatora—naizvozvo nekutya kuti angazotadza kuita zvaaida kuita, akatora avo vevanhu vake vaida uye ndokubva aenda kunyika yaNifai.

30 Zvino Moronai akafunga kuti hazvina kufanira kuti ma-Ramani vave nesimba zvakare; naizvozvo akafunga kuti vanhu vaAmarikaya avabvise kune vamwe, kana kuvatora nekuvadzosa, nokuuraya Amari-kaya; hongu, nokuti aiziva kuti anogona kuita kuti maRamani vavamukire nehasha, uye achiita kuti vaite hondo navo; uye izvi

aizviziva kuti Amari-kaya anoita kuti azadzikise chido chake.

31 Naizvozvo Moronai akafunga kuti zvakafanira kuti atore mauto ake, ayo akanga aungana pamwechete, uye vazvipa zvombo, uye ndokuita chibvumirano cherunyararo—uye zvakaitika kuti akatora mauto ake akaenda nematende ake murenje, kuti adimbudzire gwara remaAmarikaya murenje.

32 Uye zvakaitika kuti akaita maererano nezvaaida, akafamba achienda murenje, uye akadimbudzira mauto aAmarikaya.

33 Uye zvakaitika kuti Amari-kaya akatiza nevanhu vashomashoma, uye vakasara vakaiswa mumaoko aMoronai uye vakatorwa vakadzorerwa kunyika yeZarahemura.

34 Zvino, Moronai semunhu akanga akaiswa nevatongi nezvi revanhu, naizvozvo akanga aine simba rekuita zvaanoda nemauto emaNifai, kuamisa nekuatonga.

35 Uye zvakaitika kuti ani nani zvake wevaAmarikaya akanga asingade kupinda muchibvumirano chekutsigira rusununguko, kuti vachengetedze hurumende yakasununguka, aiita kuti aura-iwe; uye vakanga varipo vakati kuti vairamba kuita chibvumirano cherusununguko.

36 Uye zvakaitikawo zvakare kuti, akaita kuti mureza werusununguko uturikwe pane nharire yega-yega yaive munyika, yakanga iri yemaNifai; saka Moronai ndiko kudyara

kwaakaita mureza werusunu-
nguko pakati pemaNifai.

37 Uye vakatanga kuve neru-
nyararo zvakare munyika; uye
ndiko kuchengetedza kwavaka-
ita runyararo munyika kudaka-
ra kusvika pedyo nepekupera
kwegore rechigumi nepfumba-
mwe rekutonga kwevatongi.

38 Uye Hiramani nevapirisita
“vepamusoro vaichengetedza
urongwa hwakanaka muchechi;
hongu, kana kwemakore mana
chaiwo vakanga vaine runyara-
ro nokufara kukuru muchechi.

39 Uye zvakaitika kuti kune
vazhinji vakafa, “vachitenda
zvakasimba kuti mweya yavo
yakanga yanunurwa naIshe Jesu
Kristu; naizvozvo vakabva mu-
nyika vachifara.

40 Uye kwaive nevamwe va-
kafa pamusana pezvirwere, izvo
zvaiti pane imwe nguva yegore
zvowanda munyika—asi vaka-
nga vasiri vakawanda vaifa ne-
zvirwere, nokuti kwakange
kuine “miti yakanaka kwazvo
nemidzi zvakanga zvakagadzi-
rwa naMwari zvaibvisa zviko-
nzero zvezvirwere, zvaikonze-
rwa nekupinduka kwekunze—

41 Asi kwaive nevazhinji vaifa
nekukura; uye avo vakafa vari
murutendo rwaKristu “vanofara
maari, sezvatafanirwa kufunga.

CHITSAUKO 47

*Amarikaya anoshandisa kufurira,
kuponda, nokunyengedza kuti ave*

*mambo wemaRamani—Avo vaka-
bva kumaNifai ndivo vakanyanya
uipi nehugandanga kupfuura ma-
Ramani. Zvingangove makore 72
Kristu asati azvarwa.*

ZVINO tichadzokera muzvi-
nyorwa zvedu kunaAmarikaya
neavo vakange “vatiza naye va-
chienda murenje; nokuti tarisai,
akange atora avo vakaenda
naye, uye akaenda ^bkunyika
yaNifai pakati pemaRamani,
ndokupesvera maRamani kuti
vashatirirwe maNifai, zvekuti
mambo wamaRamani akatumi-
ra shoko munyika yose yake,
kuvanhu vake vose, kuti vau-
ngane pamwechete zvakare kuti
vanorwisana nemaNifai.

2 Uye zvakaitika kuti shoko
ratumirwa kwavari vakabatwa
nokutya kukuru; hongu, vaitya
kugumbura mambo, uye vachi-
tyawo kuenda kunorwisana
nemaNifai nokuti vaitya kura-
sikirwa neupenyu hwavo. Uye
zvakaitika kuti havana kuda,
kana kuti uzhinji hwavo hauna
kuda kuteerera shoko ramambo.

3 Zvino zvakaitika kuti mambo
akashatirwa pamusana peku-
sateerera kwavo; naizvozvo
akati kuna Amarikaya atunga-
mire chidimbu chemauto ake
chaiteerera mirairo yake, uye
ndokumuudza kuti aende ano-
vamanikidza kutora zvombo.

4 Zvino tarisai, izvi ndizvo
zvaidiwa naAmarikaya; se-
munhu akanga akangwarira
kuita zvakaipa saka akaronga

38a Aruma 46:6.

39a Moro. 7:3, 41.

40a D&Z 89:10.

41a Zvaka. 14:13.

47 1a Aruma 46:33.

b 2 Ni. 5:5–8;

Omu. 1:12–13.

mumwoyo make kuti abwise mambo wemaRamani pachigaro cheushe.

5 Uye zvino akanga ava kutinga chidimbu chemaRamani avo vakanga vachida mambo; uye akatsvaka kuti adiwe neavo vakanga vasingateerere mambo; saka akaenda kunzvimbo yainzi "Onaidha, nokuti ndiko kwakanga kwatizira maRamani ose; nokuti vakaona mauto achiuya, uye, vachifunga kuti aiuya kuvovaparadza, naizvozvo vakatizira kuOnaidha, kunzvimbo yezvombo.

6 Uye vakanga vaisa munhu wekuti ave mambo uye nemutungamiri wavo, vari vashinga mupfungwa dzavo nepfungwa yekuti havaizofa vakamanikidzwa kuti vaende kunorwisana nemaNifai.

7 Uye zvakaitika kuti vakanga vaungana pamwechete pamusoro pegomo rainzi Andipasi, vachigadzirira kurwa.

8 Zvino chakanga chisiri chido chaAmarikaya kurwa navo sekutumwa kwaakanga aitwa namambo; asi tarisai, pfungwa yake yaive yekuti adiwe nemauto emaRamani, kuti agove mukuru wavo agobvisa mambo paumambo uye agotora nyika.

9 Uye tarisai, zvakaitika kuti akaita kuti mauto ake adzike tende dzawo munhika yaive pedyo negomo reAndipasi.

10 Uye zvakaitika kuti hwava usiku akatuma munhu muruvande kugomo reAndipasi, achikumbira kuti mutungamiri

weavo vakanga vari mugomo, zita rake ainzi Rehondi, adzike mujinga pasi pegomo, nokuti aida kutaura naye.

11 Uye zvakaitika kuti Rehondi zvaakatambira shoko iri akatya kudzika pasi pegomo. Uye zvakaitika kuti Amarikaya akatumira zvakare kechipiri, achiti adzike. Uye zvakaitika kuti Rehondi akaramba; uye akatumira zvakare rwechitatu.

12 Uye zvakaitika kuti Amarikaya zvaakaona kuti haagone kuita kuti Rehondi adzike pasi kubva mugomo, akakwira iye mugomo, pedyo nepakange paine musasa waRehondi; uye akatumira shoko rake zvakare kechina kuna Rehondi, achiti ngaadzike pasi, nokuti auye nevachengeti vake.

13 Uye zvakaitika kuti Rehondi zvaakanga adzika pasi nevachengeti vake kuna Amarikaya, Amarikaya akamuti adzike nemauto ake panguva dzeusiku, uye osvikokomberedza vanhu ava vari mumisasa yavo, avo vaakapiwa namambo kuti vave pasi pake, uye akati aizovaisa mumaoko aRehondi, kana akamuita iye (Amarikaya) muteveri wake kumauto ose.

14 Uye zvakaitika kuti Rehondi akadzika pasi nehondo yake vakakomberedza vanhu vaAmarikaya, zvekuti vasati vamuka mambakwedza vakanga vatokombwa nemauto aRehondi.

15 Uye zvakaitika kuti zvavakaona kuti vakakombwa, vakakumbira kuna Amarikaya kuti

avabvumire kuti vasangane nehama dzavo, kuti vasaparadzwe. Zvino izvi ndizvo zvaida Amarikaya.

16 Uye zvakaitika kuti akaendesha vanhu vake, zvakanga “zvisiri izvo zvakanga zvataurwa namambo. Zvino izvi zvaidiwa naAmarikaya, kuti aite njere dzake dzekuti abvise mambo pachigaro cheumambo.

17 Zvino yakanga iri tsika yemaRamani kuti mutungamiri wavo mukuru akauraiwa, vaisarudza muteveri wake kuti ave mutungamiri wavo mukuru.

18 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akaita kuti mumwe wevaranda vake vape chepfu kuna Rehondi zvishoma nezvishoma, kudakara afa.

19 Zvino, Rehondi afa, maRamani akaisa Amarikaya kuti ave mutungamiri wavo uye nemukuru wemauto.

20 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akaenda nemauto ake (nokuti akanga awana zvaaida) kunyika yaNifai, kuguta raNifai, rakanga riri iro guta guru.

21 Uye mambo akauya kuzovachingura nevachengeti vake, nokuti akafunga kuti Amarikaya akange aita zvaakange amuudza kuti aite, nokutiwo Amarikaya aunganidza mauto akawanda zvikuru kuti vanorwisa maNifai.

22 Asi tarisai, mambo zvaaiuya kuzosangana naye Amarikaya akaita kuti varanda vake vanosangana namambo. Uye vakaenda vakakotama pamberi pamambo,

sekunge vari kumukudza pamusana pekutyisa kwake.

23 Uye zvakaitika kuti mambo akatambanudza ruoko rwake kuti avasimudze, setsika yemaRamani, sechiratidzo cherunyarraro, iri tsika yavakanga vatora kumaNifai.

24 Uye zvakaitika kuti paakanga asimudza wekutanga kubva pasi, tarisai akabaya mambo nepamwoyo chaipo, uye akabva awira pasi.

25 Zvino varanda vamambo vakatiza; uye varanda vaAmarikaya vakadaidzira, vachiti:

26 Tarisai, varanda vamambo vamubaya pamwoyo, uye apunzika uye ivo vatiza; tarisai, uyayi muone.

27 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akaunza mauto ake kuti afore achinoona kuti chii chaitika kuna mambo; uye pavakanga vauya panzvimbo pacho, uye vachiona mambo arere muropa rake, Amarikaya akanyepera kushatirwa, uye akati: Ani zvake aida mambo, ngaauye, atevere varanda vake kuti vauraiwe.

28 Uye zvakaitika kuti vose avo vaida mambo, pavakanzwa mazwi aya, vakaenda vakatandanisa varanda vamambo.

29 Zvino varanda vamambo pavakaona kuti vari kuteverwa nemauto, zvakavatyisa zvakare, uye vakatizira murenje, uye vakaenda kunyika yeZarahemura uye vakasangana “nevanhu vaAmoni.

30 Uye mauto akanga achivatandanisa akadzoka, vavata-

ndanisa vakatadza kuvabata; uye saka Amarikaya, nekunyengetedza kwake, akatora mwoyo yevanhu.

31 Uye zvakaitika kuti ramangwana akapinda muguta raNifai nemauto ake, akatora gutaro.

32 Uye zvino zvakaitika kuti mambokadzi, paakanzwa kuti mambo auraiwa—nokuti Amarikaya akanga atumira nhume kuna mambokadzi achimuudza kuti mambo akanga auraiwa nevaranda vake, kuti iye akanga avatandanisa nemauto ake, asi vakatadza kuvabata, nokuti vakanga vapunyuka—

33 Naizvozvo, mambokadzi zvaakagashira shoko iri akatumira kuna Amarikaya, achimukumbira kuti asauraye vanhu vemuguta; uye akakumbirawo kuti auye kwaari; uye mambokadzi akatiwo auye nevanopupura maererano nekufa kwamambo.

34 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akatora uye muranda iyeyo akanga auraya mambo, nevose vaakanga ainavo, uye ndokubva vaenda kuna mambokadzi, kunzvimbo yaakanga agere; uye vose vakapupura kuti mambo akanga auraiwa nevaranda vake; uye vakatiwo: Vatiza; izvi hazvivaroverere here? Uye naizvozvo vakagutsa mambokadzi maererano nerufu rwamambo.

35 Uye zvakaitika kuti Amarikaya akatsvaka kuti afarirwe namambokadzi, uye akamutora kuti ave mukadzi wake; uye saka

nokunyengetedza kwake, nokuyamurwa neudzvotsvo hwevaranda vake, akawana umambo; hongu, akazivikanwa samambo munyika yose, muvanhu vose vemaRamani, vakange “vari maRamani nemaRemueri nemaIshmaeri, nevose vakanga vabva kumaNifai, kubvira panguva yekutonga kwaNifai kusvika nguva ino.

36 Zvino ava “vapanduki, vadzidziswa zvimwechetezvo nezvavaiziva maererano maNifai, hongu, vakanga vadzidziswa^b nezveruzivo rwumwecheterwo nezvaIshe, zvisinei, zvinoshamisa kutaura kuti, kanguva kadiki diki vapanduka vakave vanhu vakaoma zvikuru “nekusada kutendeuka, uye vakanyanya kupenga, uipi nehugandanga kupfuura maRamani—kunwa netsika yemaRamani; kuzviisa munungo, netsika dzose dzeufefe; hongu, kukanganwa Ishe Mwari vavo zvachose.

CHITSAUKO 48

Amarikaya anopesvera maRamani kuti varwe nemaNifai—Moronai anogadzirira vanhu vake kuti varwire Kristu vazvidzivirire—Anofara mukuzvitonga nerusununguko uye ari munhu akagwinya waMwari. Zvingangove makore 72 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti, Amarikaya paakangowana umambo akatanga kutunha mwoyo

35a Jak. 1:13–14.
36a NKM Kurasika

Pachitendero.
b VaH. 10:26–27;

Aruma 24:30.
c Jer. 8:12.

yemaRamani kuti vavenge vanhu vaNifai; hongu, akaisa vanhu vekuti vanotaura nemaRamani vari munharire dzavo kuti vamukire maNifai.

2 Uye saka akatunha mwoyo yavo kuti vavenge maNifai, zvekuti mukupera kwegore rechigumi nemapfumbamwe rekutonga kwevatongi, iye akwanisa kuita zvaakanga akaronga kusvika panguva iyoyo, hongu, aitwa mambo wemaRamani, akatsvakawo kuti atonge yose nyika, hongu, nevanhu vose vaive munyika, maNifai zvose nemaRamani.

3 Naizvozvo akanga akwanisa zvaakanga achida, nokuti akanga aita kuti mwoyo yemaRamani iome uye ndokupofomadza pfungwa dzavo, uye ndokuvafurira kuti vashatirwe, zvekuti akaunganidza vakawanda kuti vaende kunorwisana nemaNifai.

4 Nokuti akanga akashingirira kuti, pamusana pekuwanda kwevanhu vake, akurire maNifai uye agovaisa muusungwa.

5 Uye saka akasarudza maZoramu kuti vave "vakuru vemauto, sezvo vari ivo vaiziva kuti maNifai ane simba rakadii, nokuziva nzvimbo dzavo dzavaitambira, nenzvimbo dzisina kusimba dzemaguta avo; naizvozvo akavaisa kuti vave vatungamiri vakuru vemauto ake.

6 Uye zvakaitika kuti vakatakura zvinhu zvavo, vakaenda

vakananga kunyika yeZarahe-mura vari murenje.

7 Zvino zvakaitika kuti Amari-kaya paakanga achitora simba nekunyepa nekunyengedza, Moronai, kune rumwe rutivi, akanga "achigadzira pfungwa dzevanhu kuti vave nerutendo ruzere muna Ishe Mwari vavo.

8 Hongu, akanga achisimbisa mauto emaNifai, uye akavaka tsvingo diki, kana kuti nzvimbo dzekuzororera; vachiita zvidziro zvevhu zvekudzivirira mauto ake, uye ndokuvaka zvidziro zvemambwe zvekuatenderedza, vakakomberedza maguta avo nemiganhu yeminda yavo; hongu, kutenderedza yose nyika.

9 Uye makanga musina kudzivirirwa zvakasimba aiisa vanhu vakawanda; uye ndokudzivirira nokusimbisa nyika yakanga iri yemaNifai.

10 Uye nokudaro akanga akagadzirira "kutsigira kuzvitonga, minda yavo, vakadzi vavo, nevana vavo, nerunyararo rwavo, nekuti vagare vari muna Ishe Mwari vavo, nekuti vachengetedze icho chainzi nevavengi vavo chinangwa chema chemaKristu.

11 Uye Moronai aive murume akasimba uye ari gamba; aive murume aive "nokunzwisisa kuzere; hongu, murume akanga asingafadzwe nokudeura ropa; murume aive nemweya waifadzwa nekuzvitonga nerusununguko rwenyika yake, nekuti hama dzake dzisunungurwe muusungwa nemuhutapwa;

12 Hongu, murume aive nemwoyo waizara nekutenda kuna Mwari vake, nokubatwa zvakanaka nemaropafadzo akawanda aakaisa pavanhu vake; murume aishanda zvine simba kushandira “magariro akanaka nekuchengetedzeka kwevanhu vake.

13 Hongu, uye akanga ari murume akasimba murutendo muna Kristu, uye akanga “akatsidza nechitsidzo kuti achadzivirira vanhu vake, zvake, nenyika yake, nokunamata kwake, kana kusvika mukurasikirwa neropa rake.

14 Zvino maNifai akanga akadzidziswa kuzvidzivirira kuvavengi vavo, kana pakusvika mukudeura ropa kana zvichifanira; hongu, uye vakanga vakadzidziswa kuti “vasambofa vakashatirisa, hongu, kuti vasasimudze munondo kunze kwekunge vachirwisana nemuvengi, nekunge vari kuchengetedza upenyu hwavo.

15 Uye urwu ndirwo rwaive rutendo rwavo, kuti nokudaro Mwari vaiita kuti vabudirire munyika, kana kuti nemamwe mazwi, kana vaine rutendo rwekuchengeta mirairo yaMwari vaizovaita kuti vabudirire munyika; hongu, kuvayambira kuti vatize, kana kugadzirira hondo, maererano nenjodzi yavanevari.

16 Uye nokutiwo, Mwari vaivazivisa kuti vangaende here

kunorwisa vavengi vavo kana kuti kwete, nokudaro Ishe vaivakundisa; uye urwu ndirwo rwaive ruvimbo rwaMoronai, uye mwoyo wake waifara nazvo; “kwete mukudeura ropa asi mukuita zvakanaka, mukuchengetedza vanhu vake, hongu, mukuchengeta mirairo yaMwari, hongu, nokuramba kupinda mukutadza.

17 Hongu, zviro kwazvo, zviro kwazvo ndinoti kwamuri, dai vose vanhu vaive, uye vakange, uye vave nariini, vakaita saMoronai, tarisai, masimba chaiwo egehena angadai akazunguzwa nokusingaperi; hongu, “dhiabhorosi angadai asina kumbove nesimba mumwoyo yevana vevanhu.

18 Tarisai, akanga ari murume akanga akaita saAmoni, mwana komana waMosaya, hongu, uye kana nevamwe vanakomana vaMosaya, hongu, naArumawo nevanakomana vake, nokuti vose vakanga vari vanhu vaMwari.

19 Zvino tarisai, hazvireve kuti Hiramani aaitira vanhu zvishoma pane zvaiitwa naMoronai; nokuti vaiparidza shoko raMwari, uye vaibhabhatidza vaininge vatendeuka vose vari vana ani zvavo vainge vateerera kumazwi avo.

20 Uye ndiko kufamba kwavakaita, uye vanhu “vakazvirereka pamusana pemazwi avo, zvekuti ^bvakadiwa zvikuru naIshe,

12a NKM Ruyamuro.
13a Aruma 46:20-22.
14a Aruma 43:46-47;
3 Ni. 3:20-21;

Morm. 3:10-11;
D&Z 98:16.
16a Aruma 55:19.
17a 1 Ni. 22:26;

3 Ni. 6:15.
20a NKM Akazvininipisa.
b 1 Ni. 17:35.

naizvozvo vakasunungurwa mudzihondo nokupesana pakati pavo, hongu, kana kwemakore mana.

21 Asi, sekutaura kwandaita, mukupera kwegore rechigumi nepfumbamwe, hongu, kana dai zvazvo ivo vakanga vaine runyararo pachavo, vakamanikidzwa ivo vasingade kuti varwisane nehama dzavo, maRamani.

22 Hongu, uye muchidimbu, hondo dzavo hadzina kupera kwemakore mazhinji nemaRamani, kana dai zvazvo ivo vakanga vasingade.

23 Zvino, ^azvakavasuwisa kuti vatore zvombo zvavo kuti varwisane nemaRamani, nokuti vakanga vasingafarire zvekudeura ropa; hongu, uye izvi hazvizizvo zvose—vakanga vachisuwa kuti vabvise vazhinji vehama dzavo munyika ino vachivaisa munyika yokusingapere, vasati vagadzirira kusangana naMwari vavo.

24 Zvakadaro, havaibvumira kuti vaise upenyu hwavo pasi, kuti ^avakadzi vavo nevana vavo vapondwe neugandanga hwevanhu vaive hama dzavo, hongu, uye vakanga ^bvabva muchechi yavo, uye vakavasiya uye vakaenda kunovaparadza nekusangana nemaRamani.

25 Hongu, havaikwanisa kutarisa hama dzavo dzichifarira ropa remaNifai, kana paine avo vanochengeta mirairo yaMwari, nokuti Ishe vakavimbisa kuti, kana vakachengeta mirairo yavo vachabudirira munyika.

CHITSAUKO 49

Mauto emaRamani anotadza kutora maguta akavakirirwa eAmonaiha nereNoa—Amarikaya anotuka Mwari uye achibva ati achanwa ropa raMoronai—Hiramani nehama dzake vanoramba vachisimbisa Chechi. Zvingangove makore 72 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mumwedzi wechigumi nemumwetchete wegore rechigumi nemapfumbamwe, muzuva rechigumi remwedzi, mauto emaRamani akaonekwa ave kusvika akanga munyika yaAmonaiha.

2 Uye tarisai, guta rakanga ravakwa patsva, uye Moronai akanga aisa mawuto kumuganhu weguta, uye vakanga vauanganidza marara vakatendredza kuti vasasvikwe nemiseve nematombo emaRamani; nokuti tarisai, vairwa nematombo nemiseve.

3 Tarisai, ndati guta ^areAmonaiha rakanga ravakwa patsva. Ndinoti kwamuri, hongu, rakavakwa patsva dzimwe nzvimbo; nenzira yekuti maRamani akambenge amboriparadza pamusana pezvitadzo zvevanhu, vakafunga kuti zvichave nyore kuriparadza zvakare.

4 Asi tarisai, vakagumbuka zvikuru; nokuti tarisai, maNifai akanga achera ivhu ndokuringanidza rakavakomberedza, rakareba zvekuti maRamani akatadza kukanda matombo nemiseve yavo kuti ivasvike,

havaikwanisa kusvika pavari kunze kwekunge vatopinda nepaipindwa napo.

5 Zvino panguva iyi vatungamiri vakuru vemaRamani vakashamiswa zvikuru, neungwaru hwemaNifai mukugadzirira nzvimbo dzavo dzekuzvidzimirira.

6 Zvino vatungamiri vemaRamani vaifunga kuti, pamusana peuhwandu hwavo, hongu, vaifunga kuti vaizove nepundutso yekuvasvikira sezvavakambenge vaita; hongu, uye vakanga vazvigadzirirawo nenhowo, nezvidzitiro zvepazvipfuva; uye vakanga vazvigadzirirawo nhumbi dzematehwe, hongu, nhumbi hobvu chaidzo kuti vazvipfekedze.

7 Uye vakagadzirira kudai vakafunga kuti zvichave nyore kuti vakunde nekuisa hama dzavo mujoki reusungwa, kana kuvauraya nokuvaponda maererano nokuzvifadza zvavo.

8 Asi tarisai, vakashamiswa kwazvo, vakaona "vakagadzirirwa, netsika isina kumbenge yakaonekwa kana kuzivikanwa pakati pevana vaRihai. Zvino vakanga vakagadzirira maRamani, kuti varwe netsika yokudzidziswa kwavo naMoronai.

9 Uye zvakaitika kuti maRamani, kana kuti vaAmarikaya, vakashamiswa zvikuru noku-gadzirira kwavo hondo.

10 Zvino, dai mambo Amari-kaya akanga adzika kubva "munyika yaNifai, ari pamberi pemaauto ake, zvimwe angadai

akaita kuti maRamani atange maNifai paguta reAmonaiha; nokuti tarisai, akanga asina haryn'a neropa revanhu.

11 Asi tarisai, Amarikaya haana kuuya iye pachake kuzorwa. Uye tarisai, vatungamiri vakuru vemaauto ake vakazeza kudenha maNifai paguta reAmonaiha, nokuti Moronai akanga apindura maitirwo ezvinhu mukati memaNifai, zvekuti maRamani akagumbuka kwazvo kuona nzvimbo dzavo dzekuhwanda dzaiita kuti vatadze kuvarwisa.

12 Naizvozvo vakatizira murenje, uye ndokubva vapazamisasa yavo uye ndokubva vafora vakananga kunyika yaNoa, vachifunga kuti iyoyo ndiyo yaive nzvimbo yakanaka kuti vasangane nemaNifai.

13 Nokuti havana kuziva kuti Moronai akanga adzimirira, kana kuti akanga avaka "tsvingo munyika yose yaka tenderedza; naizvozvo, vakafora vachienda kunyika yaNoa nekushinga kukuru; hongu, vatungamiri vavo vakuru vakauya vakaita chitsidzo kuti vanoparadza vanhu veguta iroro.

14 Asi tarisai, vakashamiswa kwazvo, guta raNoa, iro rakanga risina kusimba kusvika zvino, rakanga rasimba, pamusana paMoronai, hongu, kana kusimba kupfuura guta reAmonaiha.

15 Uye zvino tarisai, uku kwaive kuchenjera kwaMoronai; nokuti akanga aona kuti vangatye kutanga guta raAmonaiha; uye

sezvo guta raNoa riri iro raka-
nga risina kusimba kusvika
zvino, akaziva kuti ndiko kwa-
vangade kupinda nako kuti
vaite hondo; naizvozvo zvaka-
itika sekuda kwake.

16 Uye tarisai, Moronai akanga
aisa Rihai kuti ave mutungamiri
mukuru wevanhu veguta iri;
uye ndiye Rihai “mumwechete-
yo akarwa nemaRamani munhi-
ka iri kumabvazuva kwerwizi
rweSidhoni.

17 Uye zvino tarisai zvakaitika
kuti, maRamani pavakaona kuti
guta iri raive pasi paRihai,
vakagumbuka, nokuti Rihai vai-
mutya zvikuru; zvakadaro vatu-
ngamiri vavo vakuru vakanga
vaita chitsidzo kuti vacharwisa
guta iri; saka vakauya nemauto
avo.

18 Zvino tarisai, maRamani
haaikwanisa kupinda mutsvingo
dzavo dzekuzvidzimirira neimwe
nzira kunze kwekunge vatopi-
nda nepasuwo guru, nenzira
yekureba kwechidziro chevhu
rakanga raunganidzwa, uye ne-
kudzika kwakanga kwakaita
mugero wakanga wakacherwa
wakakomberedza, kunze kwe-
kutopinda nepanopindwa napo.

19 Uye ndiko kugadzirira kwa-
kanga kwakaita maNifai kupa-
radza avo vose vainge vachida
kuedza kukwira kuti vapinde
mutsvingo neimwe nzira, vachi-
vatemala nematombo nokuvabaya
nemiseve.

20 Ndiko kugadzirira kwava-
kanga vakaita, hongu, chikwata
chevarume vakasimba, vaine

minondo nezvinziriri zvavo,
votema nekubaya vanenge voda
kuedza kupinda munzvimbo
yavo yekuzvidzimirira nepa-
nzvimbo yekupinda nayo; uye
ndiko kugadzirira kwavakanga
vakaita kuzvidzimirira kurwi-
swa nemaRamani.

21 Uye zvakaitika kuti vatu-
ngamiri vemaRamani vakauya
nemauto avo pasuo guru pai-
pindwa napo, uye ndokutanga
kurwisana nemaNifai, kuti
vapinde musvingo ravo; asi
tarisai, vaisaidzirwa kunze ngu-
va dzose, zvekuti vakauraiwa
nekuuruiwa kukuru.

22 Zvino zvavakaona kuti
vatadza kukurira maNifai, ne-
kupinda munzvimbo mavo,
vakatanga kukoromora zvidziro
zvevhu rakanga raunganidzwa
kuti vakwanise kuti mauto avo
apinde kuti vakwanise kurwisa-
na nayo; asi tarisai, mukuedza
uku, vaibva vatsvairwa nema-
tombo nemiseve zvaikandwa
kwavari; uye kunze kwekuti
vafushire migero nevhu rakau-
nganidzwa, migero yakafushi-
rwa nezvitunha zvavo neavo
vakanga vakuvara.

23 Naizvozvo maNifai vaka-
nga vaine simba rose kuvavengi
vavo; uye ndiko kuedza kwa-
kaita maRamani kuti vaparadze
maNifai kudakara vatungamiri
vavo vakuru vauraiwa vose; ho-
ngu, uye maRamani anopfuura
chiuru akauraiwa; asi kune ru-
mwe rutivi kumaNifai hakuna
kana mumwechete zvake akafa.

24 Paive nemakumi mashanu

evanhu vakakuvadzwa, vakabaiwa nemiseve yemaRamani yaipinda nepasuo guru, asi vakanga vakadzivirirwa nenhowo dzavo, nezvidzitiro zvavo zvezpazvipfuva, nezvidzitiro zvemisoro yavo, zvekuti maronda avo aive mumakumbo, mazhinji acho akanga akaipa chaizvo.

25 Uye zvakaitika kuti, maRamani paakaona kuti vatungamiri vavo vakuru vose vauriwa vakatizira murenje. Uye zvakaitika kuti vakadzokera kunyika yaNifai kunoudza mambo wavo Amarikaya, akazvarwa ari muNifai, nezvekurasikirwa kwavakanga vaita.

26 Uye zvakaitika kuti akashatirirwa vanhu vake zvikuru, nokuti akanga atadza kuita maNifai zvaakanga achida kuvaita; akanga atadza kuvaisa mujoki reusungwa.

27 Hongu, akashatirwa zvikuru, uye “akatuka Mwari, uyewo naMoronai, akapika ^bnechitsidzo kuti achanwa ropa rake; uye izvi pamusana pekuti Moronai akanga achengeta mirairo yaMwari mukugadzirira vanhu vake kuti vasapinde mungozi.

28 Uye zvakaitika kuti, kune rumwe rutivi, vanhu vaNifai “vakatenda Ishe Mwari vavo, pamusoro pesimba ravo risingaenzaniswe, mukuvabvisa mumaoko evavengi vavo.

29 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechigumi nepfumbamwe rekutongwa kwemaNifai nevatongi.

30 Hongu, uye makave neru-

nyararo pakati pavo, uye chechi ikabudirira zvinoshamisa pamusana pekteerera kwavo nokusimba kwavo mushoko raMwari, iro rakataurwa kwavari naHiramani, naShibhuroni, naKoriandoni, naAmoni nehama dzavo, hongu, uye neavo vose vakanga vaiswa “nehurongwa hutsvene hwaMwari, vachibhabhatidzwa vatendeuka, uye vachitumirwa kunoparidzira vanhu.

CHITSAUKO 50

Moronai anodzivirira minda yemaNifai — Vanovaka maguta mazhinji matsva — MaNifai akawirwa nehondo nekuparadzwa mumazuva ehuiipi nekutadza kwavo — Moriondoni nevapanduki vake vanokurirwa naTeangumu — Nifaiha anofa, uye mwanakomana wake Pahorani anотора chigaro chekutonga. Zvingangove makore 72 kusvika ku67 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Moronai haana kuregera kugadzirira hondo, kana kudzivirira vanhu vake kumaRamani; nokuti akaita kuti mauto ake atangise mukutanga kwegore rechimakumi maviri rekutonga kwevatongi, kuti vatange kuchera mirwi yevhu vachitenderedza ose maguta, munyika yose yakanga iri yemaNifai.

2 Uye pamusoro pevhu rakananganidzwa iri akati paiswe mapango, hongu, matanda anorongwa kudakara areba

27a NKM Kutaura zvisina.
b Mabasa 23:12.

28a NKM Kupakutendo.
30a Aruma 43:2.

kuenzana nemunhu, akakombedza maguta.

3 Uye akaita kuti pamusoro pe-mapango iwayo padzikwe hoko dzakatendererawo; uye dzakanga dzakasimba uye dzakareba.

4 Uye akaita kuti kumiswe nharire dzakatarisa pahoko dziye, uye akaita kuti pamusoro penharire pava kwe twumba, kuti matombo nemiseve yemaRamani isavasvike ichivakuvadza.

5 Uye vakanga vakagadzirirwa zvekuti vaikwanisa kukanda matombo vari pamusoro ipapo, maererano nokuda kwavo nesimba ravo, uye vachigona kuuraya uyo anenge aedza kusvika pedyo nechidziro cheguta.

6 Ndiko kugadzira kwakaita Moronai nzvimbo dzakasimba achitenderedza guta rega-rega munyika, kugadzirira panenge pazouya vavengi.

7 Uye zvakaikita kuti Moronai akati mauto ake aende kurenje rekumabvazuva; hongu, uye vakaenda vakanotandanisa vose maRamani vaive murenje rekumabvazuva vachivatandanisira kunyika yavo, yakanga iri kumaodzanyemba enyika yaZarahemura.

8 Uye nyika yaNifai yakanga iine muganhu wakati twasa kubvira kugungwa rekumabvazuva kusvika kumadokero.

9 Uye zvakaikita kuti Moronai zvaakanga atandanisa vose maRamani murenje rekumabvazuva, rakanga riri kuchamhembe kwenyika yavo ivo, akaita kuti vanhu vakanga vagere munyika

yaZarahemura nemumatunhu akatenderedza vaende murenje rekumabvazuva, kana kunosvika kumuganhu negungwa, uye vatore nyikayo.

10 Uye akaisawo mauto kumadzanyemba, kumuganhu nezvinhu zvavo, uye ndokuvati vavake “tsvingo kuti vadzivirire mauto avo nevanhu vavo mu-maoko evavengi vavo.

11 Uye naizvozvo akabvisa dzose nzvimbo dzaisimbwa nadzo nemaRamani murenje rekumabvazuva, hongu, nekumadokero, nekudzivirira muganhu waive pakati pemaNifai nemaRamani pakati penyika yeZarahemura nyenika yaNifai, kubvira kugungwa rekumadokero, zvichienda kwakatangira rwizi rweSidhoni — nyika yose iri kuchamhembe iri yemaNifai, hongu, kana nyika yose yaive kuchamhembe kwenyika yainzi Maguta, sezvainge zvavafadza kuita.

12 Naizvozvo Moronai, nemauto ake ayo aiwanda zuva nezvava pamusana pekuziva kuti vakadzivirirwa nemabasa ake, akatsvika kubvisa simba remaRamani munyika dzaive dzavo, kuti vashaye simba pamusoro penyika dzavo.

13 Uye zvakaikita kuti maNifai vakatangisa hwaro hweguta idzva, uye vakadaidza guta idzva iri kuti Moronai; uye rakanga riri pedyo negungwa rekumabvazuva; uye raive kumaodzanyemba mumutsetse wezvinhu zvaive zvemaRamani.

14 Uye vakatangisawo humwe hwaro hwerimwe guta pakati peguta raMoronai neguta raAroni, richisangana nemiganhu yeMoronai neAroni; uye vakadaidza guta iri, kana nzvimbo yacho, kuti Nifaiha.

15 Uye vakatangawo gore iroro kuvaka maguta akawanda nechekuchamhembe, rimwe nei-mwe tsika yavakadaidza kuti Rihai, rakanga riri kuchamhembe pedyo negungwa.

16 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri.

17 Vanhu vaNifai vakanga vari mukati mekubudirira mukutanga kwegore rechimakumi maviri nerimwechete ekutongwa kwemaNifai nevatongi.

18 Uye vakabudirira zvikuru, uye vakapfuma zvikuru; hongu, uye vakawanda uye vakasimba munyika.

19 Uye naizvozvo tinoona kuti Ishe vane tsitsi nekururama muzviito zvavo, mukuzadzikisa mazwi avo ose kuvana vevanhu; hongu, tinoona kuti mazwi avo akasimbiswa, kana panguva ino, zvavakataura kuna Rihai, vachiti:

20 Wakaropafadzwa iwe nevana vako, uye vacharopafadzwa, kana vari vanochengeta mirairo yangu vachabudirira munyika. Asi yeukai, kuti kana vasingachengete mirairo yangu “vachabviswa pamberi paIshe.

21 Uye tinoona kuti zvivimbiso izvi vakasimbiswa kuvanhu vaNifai; nokuti kwange kuri kukakavadzana kwavo noku-

rwisana kwavo, hongu, kupondana kwavo, nokuparadza kwavo, kunamata mifananidzo kwavo, upombwe hwavo, nekuipa kwavo, kwaive mukati mavo, zvakavakonzera hondo nokuparadzwa kwavo.

22 Uye avo vakanga vaine rutendo vakachengeta mirairo yaIshe vaiponeswa nguva dzose, zviuru nezviuru zvehama dzavo zvichiiswa muusungwa, kana kurufu rwekubaiwa nemunondo, kana kuderera mukusatenda, nokusangana nema-Ramani.

23 Asi tarisai hakuna kumbove “nekufara pakati pemaNifai, kubvira kunguva dzaNifai, kupfura nguva yaMoronai, hongu, kana panguva ino, mugore rechimakumi maviri ane rimwechete ekutonga kwevatongi.

24 Uye zvakaitika kuti kana gore rechimakumi maviri nema-viri rekutonga kwevatongi narowu rakapera murunyararo; hongu, uye narowu gore rechimakumi maviri nematatu rakapera murunyararo.

25 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi maviri nemana rekutonga kwevatongi, mungadai makanga muine runyararo mukati mevavahu vaNifai dai pasina kuti “vakanetsana pamusana penyika yaRihai, nyenika yaMoriandoni, yaiganhurana nyenika yaRihai; dzose dzakange dzichiganhurana negungwa.

26 Nokuti tarisai, vanhu vaive varidzi venyika yaMoriandoni

vaiti chimwe chidimu chenye yaRihai ndechavo; naizvozvo pakatanga kuita nharo dzinopisa pakati pavo, zvekuti vanhu veMoriandoni vakatora zvombo zvekurwisa hama dzavo, uye vakashinga kuti vavabaye vafe nemunondo.

27 Asi tarisai, vanhu vakanga vari varidzi venyika yaRihai vakatizira kunzvimbo yeMoronai, vakanomukumbira ruyamuro; nokuti tarisai havana chavakanga vakanganisa.

28 Uye zvakaitika kuti vanhu veMoriandoni, vaitungamirwa nemurume ainzi Moriandoni zita rake, zvavakaona kuti vanhu veRihai vatizira kuna Moronai, vakatya zvikuru kuti zvimwe mauto aMoronai anga uye akavaparadza.

29 Naizvozvo, Moriandoni akazviisa mumwoyo yavo kuti vatizire kunyika yaive nechekuchamhembe, yakanga izere nemadziva emvura, uye vatore nyika yaive nechekuchamhembe.

30 Uye tarisai, zano iri vanga dai vakariita, (chingadai chakave chinhu chavaizochema) asi tarisai, Moriandoni semunhu akanga aine hasha dzakanyanya, naizvozvo akashatirirwa mumwe wevarandakadzi vake, akamutsika-tsika akamurova kwazvo.

31 Uye zvakaitika kuti akatiza, uye akauya kunzvimbo yaMoronai, uye akataurira Moronai zvose maererano nenyaya iyi, nezvemaererano nokuda kwavo kuti vatizire kunyika iri kuchamhembe.

32 Zvino tarisai, vanhu vaive munyika yeMaguta kana kuti yaMoronai, vakatya kuti vachateerera kumazwi aMoriandoni uye vobatana nevanhu vake, uye obva atora matunhu enyika, izvo zvaibva zvadzika hwaro hwematambudziko akanyanya pakati pevanhu vaNifai, hongu, uye matambudziko acho anoita kuti varasikirwe “nerusununguko rwavo.

33 Naizvozvo Moronai akatumira mauto, nezvinhu zvavo, kuti vadimbudzire vanhu vaMoriandoni, kuti vavamise mukutizira kwavo kunyika yeche kuchamhembe.

34 Uye zvakaitika kuti havana kuvadimbudzira kudakara vasvika kumuganhu wenyika ya-inzi “yeKuparadzwa; uye ikoko ndiko kwavakavadimbudzira, mukamupata kakamanika kaienda kudunhu raive kuchamhembe, hongu, nechekugungwa, kumadokero nokumabvazuva.

35 Uye zvakaitika kuti mauto akatumirwa naMoronai, akanga achitungamirwa nemurume ainzi Teangumu, akasangana nevanhu vaMoriandoni; uye vanhu vaMoriandoni vakaita umwe hushwindi hunoshamisa (vachitunhwa neupi uye nema-zwi ake ekunyengedza) zvekuti pakatanga hondo pakati pavo, muhondo umu Teangumu akabaya Moriandoni uye akakurira mauto ake, uye akavatora sevasungwa, uye akadzokera kunzvimbo yaMoronai. Uye ndiko kupera kwakaita gore

rechimakumi maviri nemana ekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

36 Uye ndiko kudzorwa kwakaitwa vanhu vaMoriandoni. Uye vaita chibvumirano chavo chekuti havachazokonzera hono zvakare vachigara murunyararo vakadzorerwa kunyika yaMoriandoni, uye pakaita kubatana pakati pavo nevanhu vaRihai; uye vakadzorerwawo kunyika kwavo.

37 Uye zvakaitika kuti mugore rimwechetero vanhu vaNifai ravakawana runyararo rwuchidzorerwa kwavari, kuti Nifaiha, mutevedzi wemutongi mukuru, akafa, atora chigaro chokutonga nekutwasuka kwuzere pamberi paMwari.

38 Zvakadaro, akanga arambidza Aruma kuti atore izvo zvinyorwa neizvo zvinhu zvaikoshwa kuna Aruma nemadzibaba ake sezvinhu zvinoera; naizvozvo Aruma akanga azvipa kumwanakomana wake Hiramani.

39 Tarisai, zvakaitika kuti mwanakomana waNifaiha akasarudzwa kuti atore nzvimbo yekutonga yababa vake, semutongi; hongu, akaitwa mutongi mukuru nagavhuna wevanhu, nechitsidzo nechisungo chekutonga zvakarurama, nekuchengetedza runyararo nerusununguko rwevanhu, nekuvapa zvakakodzera zvavo zvinoera kunamata Ishe Mwari vavo, hongu, kutsigira nokuchengeta zvinodiwa naMwari mazuva ake ose, uye kuranga vakaipa maererano nemhosva dzavo.

40 Zvino tarisai, zita rake ainzi

Pahorani. Uye Pahorani akagara chigaro chababa vake, uye akatanga kutonga kwake mukupera kwegore rechimakumi maviri nemana, ekutongwa kwevanhu vaNifai.

CHITSAUKO 51

Vanhu vamambo vanotsvaka kupindura mutemo nokuisa mambo—Pahorani nevakasununguka vanotsigirwa nezwi revanhu—Moronai anomanikidza vanhu vamambo kuti varwire nyika yavo kana kuti vauraiwe—Amarikaya nemaRamani vanatora maguta mazhinji akadziwirirwa—Teangumu anorwisa maRamani uye ndokuuraya Amarikaya mutende make. Zvingangove makore 67 kusvika ku66 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi maviri nemashanu ekutongwa kwemaNifai nevatongi, ivo vange vadzika runyararo pakati pevanhu vaRihai nevanhu vaMoriandoni maererano nenyika dzavo, uye vari vakanga vatanngisa gore rechimakumi maviri nemashanu murunyararo.

2 Zvakadaro, havana kukwanisa kuti nyika irambe iri murunyararo kwenguva huru, nokuti pakatanga kuve nokupešana pakati pevanhu pamusoro penyaya yemutongi mukuru Pahorani; nokuti tarisai, kwaive nechimwe chidimu chevanhu chaida kuti zvimwe zvinhu zvemutemo dai zvapindurwa.

3 Asi tarisai, Pahorani haana kubvuma kupinduka kana

kubvumira kuti mutemo upindurwe; naizvozvo, haana kuteerera avo vakanga vatumira zvichemo zvavo maererano nokuti mutemo upindurwe.

4 Naizvozvo, avo vakanga vachida kuti mutemo upindurwe vakamushatirirwa, uye vakati ngaachirega kuve mutongi mukuru wenyika; naizvozvo pakave nenharo dzinopisa maererano nenyaya iyi, asi pasina kudeura ropa.

5 Uye zvakaitika kuti avo vakanga vachida kuti Pahorani abviswe pachigaro chekutonga vakadaidzwa kuti vanhu vama-mbo, nokuti vaida kuti mutemo upindurwe netsika inobvisa hurumende yakasununguka uye kuiswe mambo anotonga nyika.

6 Uye avo vaida kuti Pahorani arambe ari mukuru wevatongi wenyika vakazvidaidza kuti vasununguki; saka pakave nekupesana pakati pavo, nokuti vasununguki vakanga vatsidza kana kuti vakanga vabvumirana kuti vanochengetedza zvose zvavo nezvekunamata kwavo muhurumende yakasununguka.

7 Uye zvakaitika kuti nyaya yekupesana kwavo uku yakapedzwa nezwi revanhu. Uye zvakaitika kuti izwi revanhu rakareverera vasununguki, uye Pahorani akaramba ari pachigaro chekutonga, zvakakonzera kufara kukuru pakati pehama dzaPahorani nevazhinji vevanhu vekuzvitonga, vakaitawo kuti vanhu vamambo vanyara-

re, kuti vasashore asi kuti vachengetedze rusununguko.

8 Zvino avo vakanga vachida madzimambo ndeavo vakanga vakazvarwa kudzimba "huru, uye vaitsvaka kuti vave madzishu; uye vaitsigirwa neavo vaidaida simba nemvumo muvanhu.

9 Asi tarisai, iyi yakanga iri nguva yakaipa yekuti kuve nekupesana kwakadaro mukati mevanhu vaNifai; nokuti tarisai, Amarikaya akanga aita zvakare kuti mwoyo yevanhu vaRamani imukire vanhu vaNifai, uye akanga achiunganidza varwi kubva kumativi ose enyika, nokuvapa zvombo, nokugadzirira hondo nesimba rose; nokuti akanga "apika kuti achanwa ropa raMoronai.

10 Asi tarisai, tichaona kuti akavimbisa izvi asina kufunga; zvakadaro, akazvigadzirira nemauto ake kuti azorwisa maNifai.

11 Zvino mauto ake akanga asisina kuwanda sezvaakambenge akaita, pamusana pezviuru zvakanga zvaauraiwa neruoko rwemaNifai; asi kana dai zvazvo vakarasikirwa zvikuru kudai, Amarikaya akanga aunganidza mauto akawanda zvinoshamisa, zvekuti haana kutya kudzika kunyika yeZarahemura.

12 Hongu, kana Amarikaya pachake akauya, akatungamira maRamani. Uye maive mugore rechimakumi maviri nemashanu ekutonga kwevatongi; uye yaive nguva imwecheteyo yavakanga vatanga kugadzirisa

nyaya yavo yekupesana kwavo pamusana pezvemukuru wevatongi, Pahorani.

13 Uye zvakaitika kuti varume vaidaidzwa kuti vanhu vama-mbo pavakanzwa kuti maRamani vari kuuya kuzovarwisa, vakafara mumwoyo yavo; uye vakaramba kutora zvombo, nokuti vakanga vakashatirirwa mukuru wevatongi, “nevanhu vekuzvitonga, zvekuti vakati havatore zvombo zvekudzivirira nyika yavo.

14 Uye zvakaitika kuti Moronai paakaona izvi, uye akaonawo kuti maRamani vakanga vave kupinda munyika, akashatirwa zvikuru pamusana pehushwindi hwevanhu vaakanga atambudzikira nesimba kudaro; hongu, akashatirwa zvikuru, mweya wake wakazara nekuvashatirirwa.

15 Uye zvakaitika kuti akatumira chichemo, chinezwi revanhu, kugavhuna wenyika, achimuti achiverenge, agopa iye (Moronai) simba rekumankidza avo vakanga vasingade kurwira nyika yavo kana kuti avauraye.

16 Nokuti ndichochinhu chaida kutanga kuita kuti apedze kupesana nokupanduka pakati pevanhu; nokuti tarisai, ichi ndichochinhu kusvika zvino chaita kuti vaparadzwe. Uye zvakaitika kuti zvakabvumwa sekukumbirwa kwazvakaitwa nezwi revanhu.

17 Uye zvakaitika kuti Moronai akaudza mauto ake kuti

anorwisa vaye vanhu vama-mbo, kuti avaturure mukuzvida kwavo noushe hwavo avapfukudzire kuenzana nevhu, kana kuti vatore zvombo vatsigire kuzvitonga.

18 Uye zvakaitika kuti mauto akafora kunovarwisa; uye vakaturura mukuzvida kwavo noushe hwavo, zvekuti pose pavaiedza kurwisa vanhu vaMoronai vaibva varakashwa vopfukudzirwa kuita sevhu.

19 Uye zvakaitika kuti kwakave nezviuru zvina “zvevapanduki ava zvakarakashwa nemunondo; uye avo vevatungamiri vavo vasina kuuraiwa muhondo vakatorwa vakanokandwa mutirongo, nokuti pakange pasina nguva yekuvatonga panguva iyoyo.

20 Uye avo vevapanduki vakanga vasara, pane kuuraiwa nemunondo, vakatya mureza wekuzvitonga, uye vakamani-kidzwa kuturika “mureza wekuzvitonga panharire dzavo, uye mumaguta avo, nokutora zvombo kuti varwire nyika yavo.

21 Uye Moronai akapedza zve-avo vanhu vamambo, zvekuti hakuna akazozivikanwa nokunzi vanhu vamambo; uye ndiko kupedza kwaakaita hushwindi nekuzvida kweavo vaiti vane ropa reushe; asi vakatururwa kuti vazvirereke sehama dzavo, nokurwa semagamba kurwira rusununguko rwavo kubva muusungwa.

22 Tarisai, zvakaitika kuti “Moronai zvaakanga achirwisa-

na nehondo nekupesana mukati mevanhu vake, uye achivaita kuti vave nerunyararo nokupunduka, uye achiita zvimiswa zvekugadzirira hondo nemaRamani, tarisai, maRamani akanga atopinda munyika yeMoronai, divi rakange rakaganhurana negungwa.

23 Uye zvakaitika kuti maNifai vakanga vasina kunyatsosimba muguta raMoronai; naizvozvo Amarikaya akavatandanisa, achiuraya vakawanda. Uye zvakaitika kuti Amarikaya akatora guta iri, hongu, akatora dzose tsvingo dzavo.

24 Uye avo vakatiza kuguta reMoronai vakauya kuguta raNifaiha; uye vanhuwo veguta raRihai vakaungana pamwechete, uye vakagadzirira vakamirira maRamani kuti vauye kuzorwa.

25 Asi zvakaitika kuti Amarikaya haana kubvumira maRamani kuti vanorwisa guta raNifaiha, asi akaita kuti vagare pedyo negungwa, achisiya varume muguta rega-rega vekuridzivirira.

26 Uye ndiko kufamba kwaaita, achitora maguta akawanda, guta reNifaiha, neguta raRihai, neguta raMoriandoni, neguta reOmuna, neguta raGidhi, neguta raMureki, ose aive nehekumuganhu pedyo negungwa.

27 Uye ndiko kuwana kwakaita maRamani, nekuchenjera kwaAmarikaya, maguta akawanda kudai, nevanhu vacho vasingaverengeke, ose ari aka-

nga akavakirirwa zvakasimba netsika “yetsvingo dzaMoronai; ose aipa nzvimbo dzakasimba kumaRamani.

28 Uye zvakaitika kuti vakafora vakananga kumiganhu yenyika yeMaguta, vachitandanisa maNifai uye vachivauraya.

29 Asi zvakaitika kuti vakaasangana naTeangumu, uyo akanga “auraya Moriandoni nokudimbudzira vanhu vake mukutiza kwavo.

30 Uye zvakaitika kuti akadimbudzira Amarikayawo, zvaa-kanga achifora nemauto ake akawanda achida kunotoro nyika yeMaguta, nenyikawo yaive kuchamhembe.

31 Asi tarisai akagumburwa nekurwiswa naTeangumu nevanhu vake, nokuti vaive magamba; nokuti wose munhu waTeangumu aikunda maRamani musimba uye mukuziva kurwa, zvekuti vakanga vari pamusoro pemaRamani.

32 Uye zvakaitika kuti vakanetsa, zvekuti vakavauraya kudakara kunze kwasviba. Uye zvakaitika kuti Teangumu nevanhu vake vakadzika matende avo mukati menyika yeMaguta; uye Amarikaya akadzika dzake mumuganhu nehekugungwa, netsika iyoyi vakabviswa.

33 Uye zvakaitika kuti hwave usiku, Teangumu nemuranda wake vakaverera vakabuda usiku, uye vakaenda mumusasa waAmarikaya; uye tarisai, vakannga vakundwa nehope pamusana pekuneta kwavo, kwakanga

kwakonzwa nemabasa avaiita nekupisa kwekunze.

34 Uye zvakaitika kuti Teangumu akanopinda mutende yamambo asingaonekwe, akamubaya pamwoyo nechipfumo; uye zvakaita kuti mambo afe pakarepo asina kumutsa varanda vake.

35 Uye akadzokera zvakare asingaonekwe kumusasa wake, uye tarisai, vanhu vake vakanga vakakotsira, uye akavamutsa akavaudza zvose zvaakanga aita.

36 Uye akaita kuti mauto ake agare akagadzirira, achityira kuti maRamani zvimwe angamuke akauya kuzovarwisa.

37 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri nemashanu ekutongwa kwemaNifai nevatongi; uye ndiko kupera kwakaita mazuva aAmarikaya.

CHITSAUKO 52

Amoroni anoitwa mambo wemaRamani munzvimbo yaAmarikaya — Moronai, Teangumu, naRihai vanotungamirira maNifai mukukunda maRamani muhondo — Guta raMureki rinotorwa zvakare, uye Jakobho muZoramumu anouraiwa. Zvingangove makore 66 kusvika ku64 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi maviri nemakore matanhatu ekutongwa kwemaNifai nevatongi, tarisai, maRamani pavakamuka murungwanani rwekutanga rwe-mwedzi, tarisai, vakaona Ama-

rikaya akafa mutende make; uye vakaonawo kuti Teangumu akanga agadzirira kuvarwisa musii iwoyo.

2 Uye zvino, maRamani pava-kaona izvi vakatya; uye vakabva varega pfungwa yavo yekuti vafore vachipinda munyika yaive nechekuchamhembe, vakabva vadududza nematico avo ose vakapinda muguta reMureki, uye vakatsvika kuzvidzivirira mutsvingo dzavo.

3 Uye zvakaitika kuti munin'ina waAmarikaya akaitwa mambo wevanhu; uye zita rake ainzi Amoroni; naizvozvo mambo Amoroni, munin'ina wamambo Amarikaya, akaitwa kuti atonge munzvimbo yake.

4 Uye zvakaitika kuti akaudza vanhu vake kuti vachengete ayo maguta, avakanga vatora nekudeura ropa; nokuti hapana guta ravakatora vasina kuraskirwa neropa rakawanda.

5 Uye zvino, Teangumu akaona kuti maRamani vakanga vakashinga kuchengetedza ayo maguta avakanga vatora, nematunhu avakanga vatorawo; uye achiona nekuwanda kwavakanga vakaita, Teangumu akaona kuti hazvifanire kuti aedze kuvatanga vari mutsvingo dzavo.

6 Asi akaita kuti vanhu vake vangotenderera-tenderera vachita sevari kugadzirira hondo; hongu, ichokwadi akanga achigadzirira kuzvidzivirira, "nokumisa zvidziro zvakatenderedza nokugadzira nzvimbo dzekuhwanda.

7 Uye zvakaitika kuti akaramba achigadzirira hondo kudaro kudakara Moronai atumira varume vazhinji vekuzosimbisa mauto ake.

8 Uye Moronai akatumirawo shoko kwaari kuti achengete vose vasungwa vanenge vawira mumaoko ake; nokuti sezvo maRamani akanga atora vasungwa vakawanda, iye achengete vose vasungwa vemaRamani kuti vagotsikinura avo vakatorwa nemaRamani.

9 Uye akatumirawo shoko kwaari kuti adzivirire nyika ye-Maguta, uye atore “kamupata kakamanika kanopinda munyika yekuchamhembe, nokuti maRamani vangangokatora vakawana simba rekuvanetsa kumativi ose.

10 Uye Moronai akamutumirawo shoko, achimuda kuti ave anovimbika mukuchengetedza divi renyika iroro, nokuti pose paanenge awana mukana arove maRamani ari divi iroro, sezvanenge akwanisa, kuti zvimwe angatore zvakare nemazano ose aanokwanisa kana nedzimwe nzira ayo maguta akanga abvutwa mumaoko avo; uye kuti avakirire ruzhowa nekusimbisa maguta akatenderedza, akanga asina kuwira mumaoko emaRamani.

11 Uye akatiwo kwaari, ndingadai ndauya kwaari, asi tarisai, maRamani anesu miganhu yenyika iri kugungwa rechekumadokero; uye tarisai, ndiri kuenda kunovarwisa,

saka handikwanise kuuya kwaari.

12 Zvino, mambo (Amoroni) akanga abva munyika yeZarahe-mura, uye akanga azivisa mam-bokadzi nezvekufa kwemukoma wake, uye akaunganidza pamwechete varume vakawanda, uye akafora akaenda kunorwisa maNifai kumiganhu wechekugungwa rekumadokero.

13 Uye ndiko kuedza kwaakanga achiita kupfuvisa maNifai, nekuti akwezvere chidimbu chemauto avo kudivi renyika iroro, avo vaakasiya shure ndokuvaudza kuti vagare mumaguta aakanga atora, kuti naivowo vapfuvise maNifai kumiganhu yegungwa rekumabvazuva, uye vatore matunhu avo sekukwanisa nesimba ravo, uye maererano nesimba remauto avo.

14 Uye ndiyo ngozi yakanga iine maNifai mukupera kwegore rechimakumi maviri nematanhatu ekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

15 Asi tarisai, zvakaitika kuti mugore rechimakumi maviri nemanomwe ekutonga kwevatongi, Teangumu, audzwa na-Moronai— uyo akanga aisa mauto kuti adzivirire miganhu yekumaodzanyemba nekumadokero kwenyika, uye atangisa kufora achienda kunyika ye-Maguta, kuti anoyamura Teangumu nevanhu kuti vatore zvakare maguta avakanga vatorerwa—

16 Uye zvakaitika kuti Teangumu akanga audzwa kuti arwise

guta raMureki, kuti aritore zvakare kana zvaibvira.

17 Uye zvakaitika kuti Teangumu akagadzirira kurwisa guta raMureki, uye kuti afore nemauto ake kunoita hondo nemaRamani; asi akaona kuti zvakaoma kuti angavakurire ivo vari mutsvingo dzavo; naizvozvo akasiya pfungwa idzi akabva adzokera kuguta reMaguta zvakare, kuti anomirira kuuya kwaMoronai, kuti awane kupamhizirwa masimba emauto ake.

18 Uye zvakaitika kuti Moronai akasvika nemauto ake munyika yeMaguta, mukupera kwegore rechimakumi maviri nemanomwe ekutongwa kwemaNifai nevatongi.

19 Uye mukutanga kwegore rechimakumi maviri nemasere, Moronai naTeangumu nevazhinji vevatungamiri vakuru vakaita dare rehondo—kuti vangaiti kuti maRamani abude auye kuzovarwisa; kana kuti imwe nzira ingaiti kuti vanyengedze kuti vabude mutsvingo dzavo, kuti vagovawanikidza uye vagotora zvakare guta raMureki.

20 Uye zvakaitika kuti vakatumira nhumwa kumauto emaRamani, akanga achidzvirira guta reMureki, kumutungamiri wavo, ainzi Jakobho, vachimukumbira kuti auye nemauto ake vasangane murenje raive pakati pemaguta maviri aya. Asi tarisai, Jakobho, akanga ari muZoramumu, akaramba kuuya nemauto ake kuzosangana navo mumarenje.

21 Uye zvakaitika kuti Moronai

aona kuti hazvizikuzoita kuti asangane navo panzvimbo pakanaka, naizvozvo akafunga rimwe zano rekuti anyengedze maRamani kuti vabude mutsvingo dzavo.

22 Naizvozvo akaita kuti Teangumu atore vanhu vashoma uye vofora vakadzika pedyo negungwa; uye Moronai nemauto ake, usiku, vakafora vakaenda murenje, kumadokero kweguta reMureki; uye saka, rave ramangwana, varindi vemaRamani pavakaona Teangumu, vakamhanya vakanotaurira Jakobho, mutungamiri wavo.

23 Uye zvakaitika kuti mauto emaRamani akauya kuzorwisa Teangumu, vachifunga kuti nekuwanda kwavo vanokurira Teangumu nenzira yekuti aive nevanhu vashoma. Uye Teangumu zvaakaona mauto emaRamani achiuya kuzomurwisa akatanga kudududza achitevedza gungwa, akananga kuchamhembe.

24 Uye zvakaitika kuti maRamani paakaona kuti atanga kutiza, vakanzwa kusatya vakavatandanisa nesimba. Uye Teangumu achingunokwezva maRamani kudaro avo vakanga vachimutandanisira pasina, tarisai, Moronai akaudza chikamu chemauto aakanga ainawo kuti vafore vachipinda muguta, uye aritore.

25 Uye ndizvo zvavakaita, uye vakauraya vose avo vakanga vasiwa vachidzvirira guta, hongu, vose vakaramba kukanda pasi zvombo zvavo zvehondo.

26 Uye naizvozvo Moronai

ndiko kutora kwaakaita gutareMureki nechidimbu chemauto ake, iye achifora nevakanga vasara kuti agosangana nemaRamani kana vodzoka kwavakange vachitandanisa Teangumu.

27 Uye zvakaitika kuti maRamani akatevera Teangumu kudakara vasvika pedyo neguta reMaguta, uye ndokubva vasanganikwa navo pedyo neguta reMaguta, uye ndokubva vasanganikwa navo naRihai nemauto mashomanani, vakanga vasiwa vachidzivirira guta reMaguta.

28 Uye zvino tarisai, vatungamiri vakuru vemaRamani pavakana Rihai achiuya nemauto ake kuzovarwisa, vakatiza mukati mekudzungaira kukuru, vave kutya kuti vachatadza kusvika kuguta raMureki Rihai asati avabata; nokuti vakanga vaneta nekuhora kwavakanga vaita, uye vanhu vaRihai vakanga vari vatsva zvavo.

29 Zvino maRamani haana kuziva kuti Moronai akanga ari shure kwavo nemauto ake; ivo vaingotya Rihai nevanhu vake.

30 Zvino Rihai haana kuda kuti asvike pakuvabata kudakara vasangana naMoronai nemauto ake.

31 Uye zvakaitika kuti maRamani vasati vasvika kure vakakombwa nemaNifai, nevanhu vaMoronai kune rumwe ruoko, uye vaRihai kune rumwe ruoko, uye vose vakanga vari vachiri vatsva vazere nesimba; asi maRamani vakanga vaneta pamusana perwendo rwavo rwurefu.

32 Uye Moronai akaudza va-

nhu vake kuti vavarwise kudakara varasa zvombo zvavo zvehondo.

33 Uye zvakaitika kuti Jakobho, semutungamiri wavo, ari “muZoramu, uye aine mweya wekusada kukundwa, akatungamira maRamani kuti varwe zvikuru nehasha vachirwisa Moronai.

34 Moronai sezvo akanga ari mugwara ravo ravaifora naro, saka Jakobho akazvipira kuvauraya kuti uye apenzure nzira yake yekuenda kuguta reMureki. Asi tarisai, Moronai nevanhu vake vakanga vaine simba kupfuura ravo; naizvozvo havana kupenzurira maRamani.

35 Uye zvakaitika kuti vakarwa nhivi dzose nehasha dzinotyisa; uye vazhinji vakauraiwa mativi ose; hongu, Moronai akakuvadzwa uye Jakobho akauraiwa.

36 Uye Rihai akarwisa kwazvo nehasha mumashure umu nevanhu vake vakasimba, zvekuti maRamani vaive shure vakakanda pasi zvombo zvavo zvehondo; uye avo vavo vakasara, vadzungaidzwa zvikuru, havana kuziva kuti vorwa here kana kuti vatize.

37 Zvino Moronai aona kudzungaira kwavo, akati kwavari: Kana mukauya nezvombo zvenyu zvehondo uye mukandipa, tarisai tinorega kudeura ropa renyu.

38 Uye zvakaitika kuti maRamani pavakanzwa mazwi aya, vatungamiri vavo vakuru, vose avo vakanga vasina kuuraiwa, vakauya vakakanda zvombo

zvavo pasi patsoka dzaMoronai, uye vakaudza vanhu vavo kuti vadarowo.

39 Asi tarisai, kwaive nevazhinji vakaramba; uye vakaramba kupa minondo yavo vakatorwa vakasungwa, uye vakatorerwa zvombo zvavo zvehondo, uye vakamanikidzwa kufora vachienda nehama dzavo kunyika yeMaguta.

40 Uye zvino uwandu hwevasungwa hwaipfuura hweavo vakanga vauraiwa, hongu, hwaipfuura hwevakange vauraiwa mativi ose.

CHITSAUKO 53

Vasungwa vemaRamani vanoshandiswa kudzivirira guta reMaguta — Vapanduki mukati memaNifai vanoita kuti maRamani akunde — Hiramani anoitwa mutungamiri wezviiuru zviiviri zve majaya evanhu vaAmoni. Zvingangove makore 64 kusvika ku63 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti vakaisa varindi vekutarisa vasungwa vemaRamani, uye vachivamanikidza kuti vanoviga vakafa vavo, hongu, nevakafawo vemaNifai vakanga vauraiwa; uye Moronai akaisa varume vekuvachengeta vachiita basa ravo.

2 Uye Moronai akaenda kuguta raMureki aina Rihai, uye ndokuritora ndokuripa kuna Rihai. Zvino tarisai, Rihai uyu aive murume akanga arwa hondo zhinji aina Moronai; uye aive

murume akanga “akafanana naMoronai, uye vaifara kana vari pamwechete vachiziva kuti hapana chinoitika; hongu, vaidanana, uye vaidiwawo nevanhu vose vaNifai.

3 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge maRamani apedza kuviga vakafa vavo neavowo vemaNifai, vakaforeswa vachidzokera kunyika yeMaguta; uye Teangumu, sekutaurirwa kwakanga aitwa naMoronai, akaita kuti vachitanga kushanda vachichera mugero wakatenderedza nyika, kana kuti guta reMaguta.

4 Uye akaita kuti kuvakwe “chidzitiro nemapango nechemukati memugero, achiturikanidzwa, uye onamwa nevhu rinobva mumugero pachidzitiro chemapango, uye saka vakaita kuti maRamani vafondoke kudakara vakomberedza guta reMaguta nechidziro chakasimba chemapango nevhu, chakareba zvikuru.

5 Uye guta iri rakave nzvimbo yakasimba kwazvo nariini; uye muguta iri ndimo mavaichengertera vasungwa vemaRamani; hongu, kana vari mukati mechidziro chavakanga vavaita kuti vavake nemaoko avo. Zvino Moronai akamanikidzwa kuti aite kuti maRamani vashande, nokuti zvakanga zviri nyore kuvatarisa kana vari pabasa; uye akada kuziva kumauto ake ose kuti angatange maRamani riini.

6 Uye zvakaitika kuti Moronai akanga akurira imwe yehondo

huru yemaRamani, uye akatora guta reMureki, rakanga riri rimwe remaguta akasimba zvikuru remaRamani munyika ya-Nifai; uye naizvozvo iye akanga azvivakirawo nzvimbo yakasimba yekuchengetera vasungwa.

7 Uye zvakaitika kuti haana kuzoedza kurwisana nema-Ramani zvakare gore iroro, asi akapa vanhu vake basa rekugadzirira hondo, hongu, uye nokuita svingo dzekuzvidzimirira kumaRamani, hongu, nokubvisa vakadzi vavo nevana vavo munzara nematambudziko, nokupa zvekudya kumauto avo.

8 Uye zvino zvakaitika kuti mauto emaRamani, akanga ari kugungwa rekumadokero, kuchamhembe, Moronai asiko pamusana pedzimwe nharo pakati pemaNifai dzakakonzerwa kuti vamwe vapanduke, mukati mavo, akanga atotora dzimwe nzvimbo dzemaNifai, hongu, zvekuti vakanga vatotora mamwe maguta avo akati kuti kudivi iroro renyika.

9 Uye naizvozvo nenzira yekutadza pakati pavo, hongu, pamusana pekupanduka nekunetsana pakati pavo vakaiswa mukati mezhvinhu zvine ngozi huru.

10 Uye zvino tarisai, ndine zvimwe zvandinoda kutaura maererano ^anevanhu vaAmoni, avo, kubvira pakutanga, vakanga vari maRamani; asi pamusana paAmoni nehama dzake, kana kuti nesimba neshoko raMwari, uye vakanga ^bvate-

ndeutsirwa kuna Ishe; uye vakuuiswa munyika yaZarahemura, uye kubvira nguva iyoyo vange vachidzimirira nemaNifai.

11 Uye nenzira yechitsidzo chavo vakanga vasingagone kutora zvombo vachirwisa hama dzavo; nokuti vakanga vakaita chitsidzo chekuti ^ahavazofa vakadeura ropa nariini; uye maererano nechitsidzo chavo vaifa; hongu, vangadai vakazvibvumira kuwira mumaoko ehama dzavo, dai pasina tsitsi nerudo rwunoshamisa rwaive naAmoni nehama dzake kwavari.

12 Uye nechikonzero ichi vakuuiswa munyika yaZarahemura; uye vakangogara ^avachidzimirira nemaNifai.

13 Asi zvakaitika kuti pavakawona ngozi iyi, nematambudziko mazhinji nokushushikana kwavakanga vakatakurirwa nemaNifai, vakabatwa netsitsi uye ^avakada kuti vatore zvombo kuti vadzimirire nyika yavo.

14 Asi tarisai, pavakanga vave kuda kutora zvombo zvavo zvehondo, vakakundwa nekunyengetedzwa naHiramani nevamwe vake, nokuti vakange vave kuda ^akutyora ^bchitsidzo chavakanga vaita.

15 Uye Hiramani akatya kuti zvimwe vakadaro vangarasikirwe nemweya yavo; naizvozvo vose avo vakanga vapinda muchibvumirano ichi vakamanikidzwa kuti vatarise hama dzavo dzichifamba nemumadhaka

10a Aruma 27:24-26.

^b Aruma 23:8-13.

11a Aruma 24:17-19.

12a Aruma 27:23.

13a Aruma 56:7.

14a Num. 30:2.

^b NKM Chitsidzo.

ematambudziko, mune zvaine-
tsa munguva iyoyo.

16 Asi tarisai, zvakaitika kuti
vaive nevanakomana vaka-
wanda vakanga vasina kupi-
nda muchibvumirano ichi che-
kuti havazatora zvombo zvavo
zvehondo kuti vazvidzvirire
kuvavengi vavo; naizvozvo
vakaungana pamwechete pa-
nguva iyi, vose vaikwanisa
kutora zvombo, uye vakazviti
maNifai.

17 Uye vakapinda muchibvu-
mirano chekurwira kuzvitonga
kwemaNifai, hongu, kudzvirira
nyika nekupira upenyu hwavo;
hongu, kana ivo vakatsidza kuti
havaizofa vakaregera ^arusu-
nunguko rwavo, asi vaizorwa
nguva dzose kudzvirira ma-
Nifai naivo kuti vasaiswe muu-
sungwa.

18 Zvino tarisai, paive nezviu-
ru zviviri zvevakomana ava,
vakapinda muchibvumirano ichi
uye vakatora zvombo zvavo zve-
hondo kudzvirira nyika yavo.

19 Uye zvino tarisai, sezvo
vakanga vasina kumbove chi-
pingaidzo kumaNifai kusvika
zvino, munguva ino vakavewo
vatsigiri vakuru; nokuti vaka-
tora zvombo zvavo zvehondo,
uye vakada kuti Hiramani ave
mutungamiri wavo.

20 Uye vose vakanga vari ma-
jaya, uye vakanga vasingatye
^avakashinga, uye vakasimba uye
vakachangamuka; asi tarisai,
izvi zvakanga zvisiri izvo
zvose — varume vaive ^bpacho-

kwadi nguva dzose muchinhu
chose chavainzi vaite.

21 Hongu, vaive varume ve-
chokwadi vakatsiga, nokuti
vakanga vakadzidziswa kuche-
ngeta mirau yaMwari ^anokufa-
mba vakatwasanuka pamberi
pake.

22 Uye zvino zvakaitika kuti
Hiramani akafora akatungamira
majaya aye masoja zviuru ^azvi-
viri, kunotsigira vanhu vaive
munyika yaive kumaodzanye-
mba egungwa rekumadokero.

23 Uye ndiko kupera kwakaita
gore rechimakumi maviri nema-
sere ekutongwa kwemaNifai
nevatongi.

CHITSAUKO 54

*Amoroni naMoronai vanotaurirana
zvekuti vadzorerane vasungwa —
Moronai anoti maRamani ngava-
dzokere varegere zvekuponda kwa-
vo — Amoroni anoti maNifai nga-
vaise zvombo zvavo pasi uye vagove
pasi pemaRamani. Zvingangove
makore 63 Kristu asati azvarwa.*

UYE zvino zvakaitika kuti mu-
kutanga kwegore rechimakumi
maviri nemakore mapfumba-
mwe revatongi, ^aAmoroni aka-
tumira shoko kuna Moronai
achida kuti vadzorerane vasu-
ngwa.

2 Uye zvakaitika kuti Moronai
akanzwa nokufara kwazvo ne-
chikumbiro ichi, nokuti akada
zvirongwa zvakanga zvakaisi-
rwa kutsigira vasungwa vema-

17a Aruma 56:47.

NKM Rusununguko.

20a NKM Hushinga.

b NKM Kutendeka.

21a NKM Famba, Famba
naMwari.

22a Aruma 56:3–5.

54 1a Aruma 52:3.

Ramani nokuti zvaitsigirawo vanhu vake; uye aidawo vanhu kuti vazosimbisa mauto ake.

3 Zvino maRamani akanga atora vakadzi nevana vazhinji, uye pakati pevasungwa vose vaMoronai, pakanga pasina mukadzi kana mwana mumwechete zvake kana kuti kuvasungwa vakanga vatorwa naMoronai; naizvozvo Moronai akafunga njere dzekuti atore vasungwa vechiNifai kubva kumaRamani vakawanda sekukwanisa kwake.

4 Naizvozvo akanyora tsamba, uye ndokuitumira nemuranda waAmoroni, uye mumwecheteyo akanga auya netsamba kuna Moronai. Zvino aya ndiwo mazwi aakanyorerwa Amoroni, achiti:

5 Tarisai, Amoroni, ndakunyorera pamusoro pehondo iyi yauri kuita nevanhu vangu, kana kuti iri kuitwa “nemukoma wako kwavari, uye yauri kuda iwe kuti urambe uchiita mushure mekufa kwake.

6 Tarisai, ndinoti ndikutaurire chimwe chinhu pamusoro “pekuenzanisa zvinhu kwaMwari, nemunondo wekushatirwa kwake kukuru, uri pamusoro pako kunze kwekunge watotendeuka uye ukadzorerwa mauto ako munyika mako, kana kuti nyika yawakatora, iri nyika yaNifai.

7 Hongu, ndaikuudza zvinhu izvi dai wange uchikwanisa kuzviteerera; hongu, ndaikutaurira nezvekutyisa “kwegehena riya rakamirira kugashira^b mho-

ndi dzakaita sewe nemukoma wako, kunze kwekunge matotendeuka uye mugobvisa mabasa enyu eumhondi, uye mugodzokera kunyika kwenyu nemauto enyu.

8 Asi sezvo wakamboramba zvinhu izvi, uye ukarwisa vanhu vaIshe, kana izvozvi ndinofunga kuti uchazviita zvakare.

9 Uye zvino tarisai, takagadzirira kukutambira; hongu, uye kunze kwekunge wabvisa mabasa ako, tarisai, uchaunza kushatirwa kwaMwari wawakaramba pauri, kana mukuparadzwa kwako zvachose.

10 Asi, sezvo Mwari vari mupenyu, mauto edu achauya pamusoro pako kunze kwekunge wabva, uye iye zvino uchasanyirwa nerufu, nokuti tichachengeta maguta edu neminda yedu; hongu, uye tichachengetedza kunamata kwedu nezvaMwari vedu.

11 Asi tarisai, ini ndinofunga kuti ndiri kutaura zvinhu izvi kwauri pasina; kana kuti ndinofunga kuti iwe uri “mwana wegehena; naizvozvo ndichapedzisa tsamba yangu ndichiti handidi zvekudzorerana vasungwa, kunze kwekunge wabvuma kuti unondipa murume nemukadzi wake nevana vake, pamusungwa mumwechete; kana izvi wati ndizvo zvauchaita, ndinobvuma kudzorera.

12 Uye tarisai, kana usingaite izvi, ndinouya kuzokurwisa nemauto angu; hongu, kana ini

5a Aruma 48:1.
6a NKM Yenzaniso.

7a NKM Gehena.
b Aruma 47:18, 22-24.

NKM Kuponda.
11a Joh. 8:42-44.

ndichapa zvombo madzimai angu nevana vangu, uye ndigokutevera kana nemunyika mako, inove ndiyo nyika yenhaka “yedu yekutanga; hongu, uye richave ropa neropa, hongu, upenyu neupenyu; uye ndichakurwisa kudakara waparara wabva pamusoro penyika.

13 Tarisai, ndiri mukati mekushatirwa, nevanhu vanguwo; wakatsvaka kutiponda, uye isu takatsvaka kuzvidzivirira chete. Asi tarisai, kana ukaramba uchitsvaka kutiparadza tichatsvaka kukuparadzai; hongu, tichatsvaka nyika yedu, nyika yenhaka yedu yekutanga.

14 Zvino ndave kuvhara tsamba yangu. Ndini Moronai; Ndiri mutungamiri wevanhu vaNifai.

15 Zvino zvakaitika kuti Amaroni, paakatambira tsamba iyi, akashatirwa; uye akanyora imwe tsamba kuna Moronai, uye aya ndiwo mazwi aakanyora, achiti:

16 Ndini Amaroni, mambo wemaRamani; Ndini munin’ina waAmarikaya “wawakaponda. Tarisai, ndichatsvidza ropa rake pauri, hongu, uye ndichauya kwauri nemo auto angu nokuti handitye kutyisidzira kwako.

17 Nokuti tarisai, madzibaba ako akatadzira hama dzavo, zvekuti vakavapamba “mvumo yavo yekuti vatonge ivo vari ivo vaive varidzi.

18 Uye zvino tarisai, kana mukaisa zvombo zvenyu pasi, uye mukazviita kuti mutongwe

neavo vane mvumo yekutonga, zvino ndinobva ndaita kuti vanhu vangu vaise zvombo zvavo pasi uye vasingazoita hondo zvakare.

19 Tarisai, wandityisidzira kakawanda kwazvo ini nevanhu vangu; asi tarisai, hatitye kutyisidzira kwako.

20 Zvisinei, ndinobvuma kudzororana vasungwa maererano nezvawakumbira, nokufara, kuti ndichengetedze kudya kwangu kuitira vanhu vangu vehondo; uye tichaita hondo isingaperi, yekuti tiise maNifai pasi pesimba redu kana kuti tivaparadze zvachose.

21 Uye maererano neavo Mwari vawati takaramba, tarisai, hatizive munhu akadaro; kana imi; asi kana kuine munhu akadaro, hatizive asi kuti vakatiita sezvamakaita imi.

22 Uye kana kuine chinhu chinonzi dhiabhorosi negehena, tarisai haangakutumire ikoko here kuti unogara nemukoma wangu wawakaponda, uyo wawakati akaenda kunzvimbo yakadaro? Asi tarisai zvinhu izvi hazvina mhosva.

23 Ndini Amaroni, uye ndiri chizvarwa “chaZoram, uyo akamanikidzwa nemadzibaba ako kuti abve Jerusarema.

24 Uye tarisai zvino, ndiri muRamani asingatye; tarisai, hondo iyi yakaitwa kutsvidza kutadzirwa kwavo, nokuchengetedza nokuwana mvumo yavo yemuhurumende; uye ndinovhara tsamba yangu kuna Moronai.

CHITSAUKO 55

Moronai anoramba kudzorera vasungwa — MaRamani vanoche-ngeta vasungwa vanoitwa kuti vadhakwe, uye vasungwa vema-Nifai vanobva vasunungurwa — Guta reGidhi rinotorwa pasina kudeuka kweropa. Zvingangove makore 63 kusvika ku62 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti Moronai paakatambira tsamba iyi akabva atonyanya kushatirwa, nokuti aiziva kuti Amoroni ane ruzivo rwuzere “rwekuba kwake neku-nyengedza; hongu, aiziva kuti Amoroni aiziva kuti chikonzero chake chekuita hondo nema-Nifai hachizi chakarurama.

2 Uye akati: Tarisai, handizodzorerana vasungwa naAmoroni kunze kwekunge arega zvaari kuda, sekutaura kwandaita mutsamba mangu; nokuti handichaita kuti awane rimwe simba rinopfuura raainaro.

3 Tarisai, ndinoziva nzvimbo iyo maRamani ari kuchengetera vanhu vangu vavakatora seva-sungwa; uye sezvo Amoroni asingade kuita zvataurwa netsamba yangu, tarisai, ndichamupa zvirira maererano nemazwi angu; hongu, ndichavatsvaka nerufu kudakara vakumbira runyararo.

4 Uye zvino zvakaitika kuti Moronai zvaakanga ataura mazwi aya, akaita kuti mukati mevanzhu vake mutarisise kuti zvimwe mune mumwe

wechizvarwa chemaRamani, mukati mavo.

5 Uye zvakaitika kuti vakawana mumwechete, zita rake ainzi Ramani; uye akanga ari “mumwe wevaranda vamambo akapondwa naAmarikaya.

6 Zvino Moronai akaita kuti Ramani nevanhu vake vashoma-shoma vaende kuvatariri vakanga vakachengeta maNifai.

7 Zvino maNifai aichengeterwa muguta reGidhi; naizvozvo Moronai akasarudza Ramani akaita kuti vanhu vashoma vaende naye.

8 Uye ave mauro Ramani akaita kuvatariri vakanga vakachengeta maNifai, uye tarisai, vakamuona achiuya uye vakamumhorea; asi akati kwavari: Musatyey; tarisai, ndiri muRamani. Tarisai, tatiza kubva kumaNifai, uye vakakotsira; uye tarisai tatora waini yavo uye ndokubva tauya nayo.

9 Zvino maRamani zvaakanzwa mazwi aya vakamugashira nokufara; uye vakati kwaari: Tipe waini yako, kuti tinwe; tinofara kuti watora waini uka-uya nayo nokuti taneta.

10 Asi Ramani akati kwavari: Ngatichengete waini yedu kudakara taenda kunorwa nema-Nifai. Asi kutaura uku kwakaita kuti vatonyanya kuda kuinwa waini iyi;

11 Nokuti, vakati ivo: Taneta, naizvozvo rega tinwe waini, uye mushure tichatambirisa waini, zvinotipa simba rekuti tinorwisa maNifai.

12 Uye Ramani akati kwavari: Itai sekuda kwenyu.

13 Uye zvakaitika kuti vakawana waini iya vakasununguka; uye yainaka chaizvo kwavari, saka vakainwa zvakasununguka; uye yakanga iine simba, nokuti yakanga yakagadzirwa iine simba rayo.

14 Uye zvakaitika kuti vakawana vakafara, nekufamba kwenguva vose vakanga vararadza.

15 Uye zvino Ramani nevamwe vake zvavakaona kuti vose vakanga vararadza, uye vakanga vakotsira zvekukotsira zviya, vakadzokera kuna Moronai ndokumutaurira zvinhu zvose zvakanga zvaitika.

16 Uye zvino izvi ndizvo zvaive maererano nezano raMoronai. Uye Moronai akanga agadzirira vanhu vake zvombo zvehondo; uye akaenda kuguta reGidhi, maRamani ari mukukotsira kwokunge vakafa uye vakararadza, uye ndokukandira vasungwa zvombo zvehondo, zvekuti vose vakanga vave nezvombo;

17 Hongu, kana madzimai avo, nevana vavo vose, vose vaigona kushandisa zvombo zvehondo, Moronai akange apa vose vasungwa zvombo; uye zvose zvinhu izvi zvaitwa pasina anokosora vakanyarara kuti zii.

18 Asi dai vakanga vamutsa maRamani, tarisai, vakanga vakararadza uye maNifai angadai akavauraya.

19 Asi tarisai, hazvizizvo zvaida Moronai; akanga asingafadzwe nekuponda kana “kudeura ropa,

asi aifadzwa mukuponesa vanhu vake kuti vasaparadzwe; uye nechikonzero ichi haana kuda kukanganisa kutonga kwakarurama, haana kuda kuwira pamusoro pemaRamani uye kuti avaparadze vakararadza.

20 Asi akanga awana zvaaida; nokuti akanga apa zvombo kune avo vasungwa vemaNifai vakanga vari mukati muguta, uye akanga avapa simba rekuti vatore idzo nzvimbo dzaive mukati mechidziro.

21 Uye ndokubva aita kuti vanhu vakanga vainaye vadzokere mushure kachinhambwe kubva pavari, uye vagokomba mauto emaRamani.

22 Zvino tarisai izvi zvakaitwa nguva yeusiku, zvekuti maRamani pavakamuka rungwanani vakaona vakakombwa nemaNifai kunze, nevasungwa vavo vaive mukati vakanga vaine zvombo.

23 Uye ndokubva vaona kuti maNifai ane simba pamusoro pavo; uye mukuita uku vakaona kuti hazvaigona kuti varwe nemaNifai; naizvozvo vatungamiri vavo vakuru vakati vapiwe zvombo zvavo zvehondo, uye vakauya nazvo vakazvikanda pamakumbo emaNifai, vachikumbira kuitirwa tsitsi.

24 Zvino tarisai, izvi ndiko kwaive kuda kwaMoronai. Akavatora akavaita vasungwa vehondo, uye akabva atora guta iroro, uye akaita kuti vose vasungwa vapiwe rusununguko, avo vakanga vari maNifai; uye

vakapinda mumauto aMoronai, uye vakasimbisa mauto ake zvikuru.

25 Uye zvakaitika kuti akaita kuti maRamani, avo vaakanga atora sevasungwa, vatange kuita “basa rekusimbisa nzvimbo dzekuzvidzivirira dzakatenderedza guta reGidhi.

26 Uye zvakaitika kuti avakirira guta reGidhi, maererano nezvaida, akaita kuti vasungwa vake vaendeswe kuguta reMaguta; uye akachengetawo guta iri nemauto akasimba zvikuru.

27 Uye zvakaitika kuti vakazviita, kana dai maRamani akaedza zvose zvavaikwanisa, vakachengeta uye vakadzivirira vose vasungwa vavo vakanga vatora, uye vakachengetawo ose matunhu nezvose zvavakanga vatora zvakare.

28 Uye zvakaitika kuti maNifai vakatanga zvakare kukurira, nokutora zvakare zvaive zvavo nezvavakakodzera.

29 Nguva zhinji maRamani aiedza kuti vavakomboredze usiku, asi mukuedza uku vairasikirwa nevasungwa vakawanda.

30 Uye nguva zhinji vaiedza kunwisa maNifai waini yavo, kuti zvimwe vavaparadze nechepfu kana nekuvati vararadze.

31 Asi tarisai, maNifai akanga asinganonoke “kurangarira Ishe Mwari vavo munguva dzavo dzematambudziko. Vakanga vasingabatike nezvavaivateya nazvo; hongu, vakanga vasinganwe waini yavo, kunze kwekunge vatanga vaipa kune

mumwe wevasungwa vechi-Ramani.

32 Uye naizvozvo vakanga vakachenjerera kuti kusave nechepfu yavanopiwa; nokuti kana waini yavo yaigona kukuvadza muRamani yaigonawo kukuvadza muNifai; naizvozvo vakaedza doro ravo rose.

33 Uye zvino zvakaitika kuti zvakanga zvafanira kuti Moronai achigadzirira kurwisa guta reMoriandoni; nokuti tarisai, maRamani, nokushanda kwavo, vakanga vavakirira guta reMoriandoni kudakara rave rakasimba zvikuru.

34 Uye vakanga vachiramba vachiyuisa mauto matsva muguta iroro, nezvokudyawo.

35 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri nemakore mapfumbamwe ekutongwa kwemaNifai nevatongi.

CHITSAUKO 56

Hiramani anotumira tsamba kuna Moronai, achitaura nezvekufamba kuri kuita hondo namaRamani— Andipusi naHiramani vanokunda maRamani—Majaya aHiramani aye zviuru zviwiri vanorwa nesimba, rinoshamisa zvekuti hakuna kana mumwechete anouraiwa. Vhesi 1, zvingangove mugore 62 Kristu asati azvarwa; mavhesi 2 kusvika ku19, zvingangove mugore 66 Kristu asati azvarwa; uye mavhesi 20 kusvika ku57, zvingangove mugore ra65 kusvika ku64 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi matatu rekutonga kwevatongi, muzuva rechipiri mumwedzi wekutanga, Moronai akatambira tsamba kubva kuna Hiramani, ichitaura nezvekuragara kwevanhu mudivi renyika iroro.

2 Uye aya ndiwo mazwi aakanzora, achiti: Hama yangu inodikanwa zvikuru, Moronai, muna Ishe nemumatambudziko edu muhondo; tarisai, hama yangu inodiwa, ndinoda kuti ndikutaurire nekufamba kuri kuita hondo kudivi rino renyika.

3 Tarisai, zviuru “zviviri zvevanakomana vevarume avo vakaunzwa naAmoni kubva munyika yaNifai—zvino wave kuziva kuti ava vaive vechizvarwa chaRamani, akanga ari mwanakomana mukuru wababa wedu Rihai;

4 Zvino handina chandingakutaurire nezvetsika dzavo kana kusatenda kwavo, nokuti unoziva nezvazvo zvose zvinhu izvi—

5 Naizvozvo ndinoti zvakanwana kwandiri kuti ndikutaurire kuti zviuru zviviri zvevakomana ava vakatora zvombo zvavo zvehondo, uye vachida kuti ini ndive mutungamiri wavo; uye tauya kuzodzivirira nyika yedu.

6 Uye zvino iwe unozivawo “nezvechibvumirano chakaitwa nemadzibaba avo, kuti havazotora zvombo zvavo zvehondo

kuti varwise hama dzavo kuti vadeure ropa.

7 Asi mugore rechimakumi maviri nematanhatu, pavakao-na dambudziko redu tichitambudzikira ivo, vakanga voda “kutyora chibvumirano chavakanga vaita uye kuti vatore zvombo zvavo zvehondo kuti vatidzivirire.

8 Asi handina kuvabvumira kuti vatyore chibvumirano ichi chavakanga vaita, ndichifunga kuti Mwari vachatisimbisa, zvekuti hataizotambudzika zvizhinji nekuda kwekuzadzikisa chitsidzo chavakanga vaita.

9 Asi tarisai, hechino chinhu chimwechete chingaita kuti tive nerufaro rwukuru. Nokuti tarisai, mugore rechimakumi maviri ane makore matanhatu, ini, Hiramani, ndakafora ndiri pamberi peava zviuru zviviri zvevakomana tichienda kuguta reJuda, kunoyamura Andipusi, uyo wawakanga wamisa semutungamiri wevanhu vedivi renyika iroro.

10 Uye ndakabatana nevana-komama vangu zviuru zviviri (nokuti vanokodzera kunzi vanakomana) kumauto aAndipusi, uye Andipusi akafara zvikuru; nokuti tarisai, mauto ake akanga akamurwa nemaRamani nokuti mauto avo akanga auraya vanhu vedu vakawanda zvikuru, zvinotipa chikonzero chekuchema.

11 Zvakadaro, tinogona kuzvinyaradza nezvizvi, kuti vakafa

vachiitira nyika yavo naMwari vavo, hongu, uye vari “kufara.

12 Uye maRamani vakanga vasara nevasungwa vakawanda, vose vari vatungamiri vakuru, nokuti hapana vamwe vavakasiya vari vapenyu. Uye tinofunga kuti iye zvino panguva ino vave munyika yaNifai; ndizvo zvazviri kana vasina kuuraira.

13 Uye zvino aya ndiwo maguta ayo akatorwa nemaRamani vakaaita avo mushure mekudera ropa remagamba asingatye akawanda:

14 Nyika yeMandi, kana kuti guta reMandi, uye guta reZizirumu, neguta reKumeni, neguta reAndipara.

15 Uye aya ndiwo maguta avave nawo pandakasvika muguta reJuda; uye ndakaona Andipusi nevanhu vake vachifondoka nesimba ravo kuti vavakirire guta.

16 Hongu, uye vakangonetaneta pamuviri nemumweya, nokuti vairwa zvakaipa masikati uye usiku vofondoka kuti vachengetedze maguta avo; uye saka vakanetswa nematambudziko akasiyana-siyana.

17 Uye zvino vazvipira kuti vakunde munzvimbo ino kana kufa; naizvozvo ungangunge kuti mauto mashoma-shoma andakauya nawo, hongu, vaye vanakomana vangu, vakavapa tariro nokufara kwakawanda.

18 Uye zvino zvakaitika kuti maRamani pavakaona kuti Andipusi agashira mamwe mauto asimbisa mauto ake kwazvo, vakamanikidzwa nemirairo ya-

Amoroni kuti vasarwise guta reJuda, kana isu.

19 Uye ndiko kudiwa kwatakaitwa naIshe; nokuti dai vakanga vauya kuzotirwisa isu tisina kusimba kudaro vangadai zvimwe vakaparadza mauto edu mashoma; asi ndiko kuchengegetedzwa kwatakaitwa.

20 Vakaudzwa naAmoroni kuti vachengetedze ayo maguta avakanga vatora. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri ane makore matanhatu. Uye mukutanga kwegore rechimakumi maviri ane makore manomwe takagadzirira guta redu nesuwo kuzvidzivirira.

21 Zvino takange tave kuda kuti dai maRamani vauya kuzotirwisa; nokuti takanga tisingade kuti tivatange isu vari munzvimbo dzavo dzakasimba.

22 Uye zvakaitika kuti takaisa vasori vakatenderedza kwose, kuti vatarise kufamba kwemaRamani, kuti vasatipfuure usiku kana vachienda kunorwisa mamwe maguta edu akanga ari nechekuchamhembe.

23 Nokuti mumaguta iwayo taiziva kuti havana kusimba zvekuti vangarwisane navo; naizvozvo takanga tichida, kuti kana vainge vatipfuura, tovainga neshure, uye tovarwisa shure nguva imwecheteyo yavanenge vachirwiswa mberi. Taifunga kuti tinobva tavakurira; asi tarisai, zvataida hazvina kuitika.

24 Vaitya kuti vapfuure nepatiri nemauto avo ose, kana

nechidimu, vachitya kuti vanga-
ngosave vakasimba uye zve-
kuti vaibva vapunzika.

25 Kana kuti vafore vakadzika
kuguta raZarahemura vaizvi-
tya; kana kuyambuka rwizi rwe-
Sidhoni nekumusoro kwarwo,
kuti vasvike kuguta reNifaiha.

26 Uye naizvozvo, nemauto
avo, vakazvipira kuti vachenge-
tedze ayo maguta avakanga
vatora.

27 Uye zvino zvakaitika kuti
mumwedzi wechipiri wegore
iri, kwakauiswa zvekudya ne-
zvimwe zvakadaro zvakabva
kune madzibaba evana vangu
vaye zviuru zviviri.

28 Uye kwakatumirwawo va-
rume vanoita zviuru zviviri
kubva kunyika yeZarahemura.
Uye saka takanga takagadzirira
tave nezviuru gumi zvevanhu,
uye nezvekudya zvavo, nekwe-
vakadzi vavo nekwevana vavo.

29 Uye maRamani, vachiona
mauto edu achiwanda zuva ne-
zuva, nezvekudya zvichisvika
kuzotitsigira, vakatanga kutya,
uye vakatanga kutirwisa, kuti
kana zvichibvira vatadzise kuu-
ya kwezvekudya kwatiri noku-
pamhidzirwa simba kwataitwa.

30 Zvino zvatakaona kuti ma-
Ramani akanga atanga kushu-
shikana nezvizvi, takada kuti
titsvake zano rekuvanyengedza;
naizvozvo Andipusi akanditi
ndifore nevanakomana vangu
tiende kuguta raive mudunhu
imomo, sekunge tiri kutakura
zvekudya tichienda nazvo kune
rimwe guta.

31 Uye taizofora nepedyo pe-
guta reAndipara, sekunge tiri

kuenda kuguta riri mberi, ku-
miganhu iri kugungwa.

32 Uye zvakaitika kuti takafora,
sekunge tine zvekudya zvedu,
zvekuendesha kuguta iroro.

33 Uye zvakaitika kuti Andi-
pusi akafora nechimwe chidimu
chemauto ake, akasiya vamwe
kuti vachenge guta. Asi haana
kufora akamirira kuti ini ndita-
nge ndaenda nemauto angu
evadiki, uye tauya pedyo ne-
guta reAndipara.

34 Uye zvino, muguta reAndi-
para ndimo makanga makaiswa
mauto emaRamani akasimba
kupfuura mamwe ose; hongu,
ndiwo akanga akawanda ku-
pfuura mamwe ose.

35 Uye zvakaitika kuti zvava-
kanga vaudzwa nevasori vavo,
vakauya nemauto avo uye vaka-
fora kuzotirwisa.

36 Uye zvakaitika kuti takava-
tiza, takananga kuchamhembe.
Uye nokudaro takakwezva ma-
uto akasimba kupfuura mamwe
ose emaRamani;

37 Hongu, takavakwezvera
kure, zvekuti pavakaona mauto
aAndipusi achivatevera, nesimba
ravo rose, havana kupindukira
kuruboshwe kana kurudyi, asi
vakaramba vachifora vakatwa-
sanuka mugwara ravo vachiti-
tevera; uye, sekufunga kwedu,
yaive pfungwa yavo yekuti
vatiuraye Andipusi asati ava-
bata, uye izvi vachiitira kuti
vasakombwe nevanhu vedu.

38 Uye zvino Andipusi, achio-
na ngozi yedu, akaita kuti
mauto ake afambise. Asi tarisai,
hwaive usiku; naizvozvo hava-
na kutibata, kana Andipusi

haana kuvabata; saka takaita musasa kuti tirare.

39 Uye zvakaitsa kuti kusati kwaedza, tarisai, maRamani akanga atove kutotitandanisa. Zvino takange tisina kunyatso-simba zvekuti taikwanisa kuvarwisa; hongu, handaibvumira vanakomana vangu kuti vawire mumaoko avo; saka takaramba tichifamba, uye tikafamba tichienda murenje.

40 Zvino vaitya kuti vapindukire kurudyi kana kuruboshwe kuti vangazokombwa; kana iniwo handaikwanisa kupindukira kurudyi kana kurwisana navo, asi taitouraiwa, uye vobva vapunyuka; uye naizvozvo takatiza muswere wose wezuva tichienda murenje, kudakara kwasviba.

41 Uye zvakaitsa kuti zvakare, kunze kuchichena takaona maRamani ave pamusoro pedu, uye tikavatiza.

42 Asi zvakaitsa kuti havana kutitandanisa kwechinambwe chirefu vasati vamira; uye aive mangwanani ezuva rechitatu remwedzi wechinomwe.

43 Uye zvino, hatina kuziva kuti vabatwa naAndipusi kana kuti kwete, asi ndakati kuvanhu vangu: Tarisai, hatizive asi vamira kuti isu tigovavinga, kuti vagotibata mavatiteya;

44 Naizvozvo munotii imi, vanakomana vangu, mungaende kunorwa navo here?

45 Uye zvino ndinoti kwauri hama yangu inodiwa Moronai, handina kumbenge ndakaona

“kusatya kwakadaro, kwete, handina kumbozviona mukati memaNifai ose.

46 Nokuti sekudaidza kwandinovaita kuti vanakomana vangu (nokuti vose vakanga vari vadiiki chaizvo) zvekuti vakati kwandiri: Baba, tarisai Mwari vedu anesu, uye haambobvuma kuti tikundwe; naizvozvo ngatie ndei; hataida zvekuuraya hama dzedu dai vaitisiya; naizvozvo handei, pamwe vangakurire mauto aAndipusi.

47 Zvino havana kunge vakamborwa, asi vakanga vasingatye rufu; uye vaifunga zvizhinji “nezverusununguko rwemadzibaba avo pane kufunga nezveupenyu hwavo; hongu, vakanga vakadzidziswa^b naanamai vavo, kuti vakasakahadzika, Mwari vanovaponesa.

48 Uye vakadzokorora kwandiri mazwi aanamai vavo, vachiti: Hatikahadzike kuti vanamai vedu vaizviziva.

49 Uye zvakaitsa kuti ndakadzokera nezviuru zvangu zviviri kunorwisa maRamani avo vakanga vatitevera. Uye zvino tarisai, mauto aAndipusi akanga avabata, uye hondo yakaipa yakanga yatanga.

50 Mauto aAndipusi ari akanga akaneta, pamusana pekufamba rwendo rwurefu rwakadaro nenguva diki-diki kudai, vakanga vave pedyo pokuwira mumaoko emaRamani; uye dai ndakanga ndisina kudzokera nezviuru zviviri zvangu vanga dai vakawana zvavaida.

51 Nokuti Andipusi akanga apunzwa nemunondo neva-zhinji vevatungamiri vake, pamusana pekuneta kwavo, kwakakonzerwa nekukurumidza kwavakaita pakufora kwavo — naizvozvo vanhu vaAndipusi vavhiringidzwa nokuuraiwa kwevatungamiri vavo, vakatanga kukundwa nemaRamani.

52 Uye zvakaitika kuti maRamani akatora kusatya, vakatanga kuvatandanisa; uye kuvatandanisa kwaiita maRamani nesimba guru pakabva pauya Hiramani neshure kwavo nezviuru zvake zviviri, zvekuti mauro ose emaRamani akamira uye akatendeukira kuna Hiramani.

53 Zvino vanhu vaAndipusi pavakaona kuti maRamani atendeuka, vakaunganidza vanhu vavo ndokuuya zvakare neshure kwemaRamani.

54 Uye zvino zvakaitika kuti isu, vanhu vaNifai, vanhu vaAndipusi, neni nezviuru zvangu zviviri, takakomba maRamani, uye tikavauraya; hongu, zvekuti vakamanikidzwa kutipa zvombo zvavo zvehondo uye vakazvii-sawo ivo sevasungwa vehondo.

55 Uye zvino zvakaitika kuti pavakanga vati vatya ndoku-zvipira kwatiri, tarisai, ndakaverenga avo vakomana vakarwa vaineni, ndichitya kuti zvimwe vauraiwa vakawanda.

56 Asi tarisai, ndakafara zviku-ru, pakanga “pasina kana mweya mumwechete zvawo wavo wakanga wawira pasi; hongu, uye vakanga varwa sekunge

vaive nesimba raMwari; hongu, hakuna vanhu vati vambozivikanwa kurwa vaine simba rino-shamisa kudaro; nesimba guru vakawira pamusoro pemaRamani, zvekuti vakavatyisa; nechikonzero ichi maRamani akazvipira kwavari sevasungwa vehondo.

57 Uye sezvo takanga tisina nzvimbo yevasungwa vedu, kuti tivatarise kuti vasaonane nemauro emaRamani, naizvozvo takavatumira kunyika yaZarahemura, nechidimbu chevanhu vaAndipusi vakanga vasina kuuraiwa, takavati vaende navo; uye vakasara ndakavatora ndikavasanganisa nemajaya angu “echiAmoni, uye ndokubva taffora takadzokera kuguta reJuda.

CHITSAUKO 57

Hiramani anotaura kutorwa kwakaitwa Andipara nokutya uye mushure nekudzivirirwa kweKumeni — Majaya ake echiAmoni vanorwa pasina kutya; vose vano-kuvadzwa, asi hapana anouraiwa — Gidhi anotaura zvekuuraiwa nekutiza kwevasungwa vechiRamani. Zvingangove makore 63 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti ndakatambira tsamba kubva kuna Amoroni, mambo, achiti kana ndikamupa vasungwa vehondo avo vatakanga tatora akati iye aizopa guta reAndipara kwatiri.

2 Asi ndakatumira tsamba kuna mambo, ndichiti tine cho-

kwadi chekuti mauto edu akanga akakwana zvekuti tinogona kutora guta reAndipara nesimba; uye kupa vasungwa veguta iri tinofunga hazvina kungwara, nokutiwo isu tinopa vasungwa vedu chete kana tiri kudzorera.

3 Uye Amoroni akaramba tsamba yangu, nokuti akanga asingade kudzorera vasungwa; saka takatanga kugadzirira kuti tinorwisa guta reAndipara.

4 Asi vanhu veguta reAndipara vakasiya guta, uye vakatizira kune mamwe maguta avo, akanga ari avo, kuti vaadzivirire; uye saka guta reAndipara rakawira mumaoko edu.

5 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi maviri ane makore masere ekutonga kwe-madzishe.

6 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi maviri nemakore mapfumbamwe, takatambira zvekudya, nemamwe mauto, kubva kunyika yeZarahemura, uye nokubva mumatunhu akanga akatitenderedza, aisvika zviuru zvitanhatu, kunze kwemakumi matanhatu "evanakomana vemaAmoni vakanga vauya kuzobatana nehama dzavo, kaya kachikwata kangu kezviuru zviviri. Uye zvino tarisai, takabva tasimba, hongu, uye takanga tave nezvekudya zvakawanda kwazvo zvatakanga tavigirwa.

7 Uye zvakaitika kuti takanga tave kuda kuti tirwisane nemauto akanga aiswa kuti achengete guta reKumeni.

8 Uye zvino tarisai, ndichakuratidza kuti takakurumidza kwazvo kuita zvataida; hongu, nemauto edu akasimba, kana kuti nechidimu chemauto edu ane simba, takakomba, usiku, guta reKumeni, kanguva kadiki-diki vasati vatambira zvekudya.

9 Uye zvakaitika kuti takagara takakomba guta iri kweusiku hwakawanda; asi tairara takatsamira minondo yedu, uye takatarisa, kuti maRamani vanga uye usiku vakatiuraya, zviri zvavakaedza kazhinji; asi nguva dzavaizviedza ropa ravo raideuka.

10 Pava paye zvekudya zvavo zvakasvika, uye vakanga vave kuda kupinda muguta usiku. Uye isu, kunze kwekuve maRamani, takave maNifai; naizvozvo takavatora ivo nezvekudya zvavo.

11 Uye kana dai zvazvo maRamani akanga abvisirwa rutsigiro rwavo netsika iyi, vakanga vakazvipira kuchengetedza guta iri; naizvozvo takaona zvakafanira kuti titore zvekudya zviya tizviendese kuJuda, uye vasungwa vedu tovaendesa kunyika yeZarahemura.

12 Uye zvakaitika kuti hakuna kupfuura mazuva akawanda maRamani asati arasikirwa neruvimbo rwekuti vachawana ruyamuro; naizvozvo vakatya vakaisa guta iri mumaoko edu; uye naizvozvo takakwanisa kuita zvataida zvekutora guta reKumeni.

13 Asi zvakaitika kuti vasu-

ngwa vedu vakanga vakawanda zvekuti, kana dai zvedu takanga takawanda zvinotyisa, taimanikidzwa kuti mauto edu ose aite basa rekuvachengeta, kana kutovauraya.

14 Nokuti tarisai, vaibuda vakawanda zvikuru, uye vorwisa nematombo, netsvimbo, nechose zvacho chavaikwanisa kuwana, zvekuti takatouraya vaisvika kana kupfuura zviuru zviviri mushure mekunge vatya vakazviita vasungwa vehondo.

15 Naizvozvo takaona kuti zvaifanira, kuti takafanira kuvauraya, kana kuti kuvatarisa munondo uri muruoko, kunosvika kunyika yeZarahemura; nekudya kwedu kwakanga kwangokwanirana nevanhu vedu, kana dai zvazvo takanga tabvutira maRamani kwavo.

16 Uye zvino, munguva yezvinhu zvakamanikidzana kudai, yaive nguva inokosha yekufunga nezvevasungwa vehondo ava; zvakadaro, takafunga kuti tivatumire kunyika yaZarahemura; naizvozvo takasarudza chikamu chevanhu vedu, uye ndokuvati vachengete vasungwa vachienda navo kunyika yeZarahemura.

17 Asi zvakaitika kuti mangwana acho vakadzoka. Uye zvino tarisai, hatina kuvabvunza nezvevasungwa; nokuti tarisai, maRamani akanga ave nesu, uye naizvozvo vakadzoka nenguva yakanaka yekuti tisaire mumaoko avo. Nokuti tarisai, Amaroni sekuvatsigira

akanga avatumira kumwe kudya nematico akawanda.

18 Uye zvakaitika kuti avo varume vatakatumira nevasungwa vakasvika nenguva yakanaka yekuvakanganisa, sezvo vakanga vave kuda kutikurira.

19 Asi tarisai, kachikwata kangu kezviuru zviviri nemakumi matanhatu vakarwa zvinotyisa; hongu, vakanga vakasimba pamberi pemaRamani, uye vakauraya avo vose vakaedza kuvarwisa.

20 Uye pakanga poda kuti vakasara vemaudo edu vakundwe nemaRamani, tarisai, vaye zviuru zviviri nemakumi matanhatu vakasimba vasingatye.

21 Hongu, uye vaiteerera uye vachiita zvose zvavaiudzwa nemazvo; hongu, uye kana maererano nokutenda kwavo vakazviitirwa; uye ndakarangarira mazwi avakanditaurira avakanga vadzidziswa “naanamai vavo.

22 Uye zvino tarisai, vaive ava vanakomana vangu, neavo varume vakanga vanzi vaperekedze vasungwa, ndivo vakaita kuti tigone kukurira zvikuru kudai; nokuti ndivo vakakurira maRamani; naizvozvo vakatandanisirwa shure kuguta reMandi.

23 Uye isu tikachengeta guta redu Kumeni, uye hatina kuparadzwa tose nehondo; zvakadaro, takarasikirwa zvikuru.

24 Uye zvakaitika kuti mushure mekunge maRamani atiza, ipapo ndakabva ndati vose

vanhu vangu vakanga vakuva-dzwa vabviswe mukati mevaka-nga vafa, ndokuita kuti varapwe.

25 Uye zvakaitika kuti paive nemazana maviri, pane zviuru zvangu zviviri zvine makumi matanhatu vakanga vakomoka pamusana pekurasikirwa nero-pa; zvisinei, maererano nokuna-ka kwaMwari, takashamiswa zvikuru, uye tikafara kwazvo mauto ose edu, “hapana kana mumwechete wavo akanga afa; hongu, uye hakuna kana mu-mwechete wavo akanga asina kuwana maronda akawanda.

26 Uye zvino, kuchengetedzwa kwavo kwakashamiswa mauto edu ose, hongu, kuti ivo havana kufa asi kuine chiuru chehama dzedu vakauraiwa. Uye izvi ti-nozviisa “kusimba rinoshamisa raMwari, pamusana ^bperutendo rwavo rukuru mune izvo zvava-kanga vakadzidziswa kuti vate-nde—kuti kuna Mwari vano-tonga zvakanaka, uye ani zvake asingakahadzike, kuti vacha-chengetedzwa nesimba rake rinoshamisa.

27 Zvino urwu ndirwo rwaive rutendo rweava vandataura nezvavo; vana vadiki, uye pfungwa dzavo dzakasimba, uye vanogara vachiisa ruvimbo rwa-vo munaMwari nguva dzose.

28 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunge tarapa vaka-nga vakuvava vedu, uye taviga vedu vakanga vafa nevakafa vemaRamani, avo vakanga va-kawanda, tarisai, takabunza Gidhi nezvevasungwa vavaka-

nga vatanga kuenda navo ku-nyika yeZarahemura.

29 Zvino Gidhi ndiye akanga ari mutungamiri mukuru we-chikwata chakanga chaiswa kuti chivatarise vachidzika ku-nyika iyi.

30 Uye zvino, aya ndiwo mazwi akataurwa naGidhi kwan-diri: Tarisai, takatangisa ku-dzika tichienda kunyika ye-Zarahemura nevasungwa vedu. Uye zvakaitika kuti takasangana nevasori vemauto edu, vakanga vatumwa kunotarisa musasa wemaRamani.

31 Uye vakadaidzira kwatiri, vachiti—Tarisai, mauto ema-Ramani ari kufora achienda kuguta reKumeni; uye tarisai, vachavarwisa, hongu, uye vo-paradza vanhu vedu.

32 Uye zvakaitika kuti vasu-ngwa vedu vakanzwa kudaidzi-ra kwavo, zvakaita kuti vasatye; uye vakabva vasimuka vakati-pandukira.

33 Uye zvakaitika kuti pamu-roso pekutipandukira kwavo takashandisa minondo yedu pa-vari. Uye zvakaitika kuti vaka-batana vakamhanyira pamino-ndo yedu, mukudaro vazhinji vavo vakauraiwa; uye vakasara vakarwisa vakatitiza.

34 Uye tarisai, pavakanga vati-za uye isu takatadza kuvabata, takakurumidza kufora tichiku-rumidza tichienda kuguta re-Kumeni; uye tarisai, takasvika nenguva yekuti tiyamure hama dzedu mukuchengetedza guta.

35 Uye tarisai, tabviswa zva-

kare mumaoko evavengi vedu. Uye rakaropafadzwa zita raMwari vedu; nokuti tarisai, ndiye atiponesa; hongu, ndiye atiitira chinhu chikuru ichi.

36 Zvino zvakaitika kuti ini, Hiramani, ndanzwa mazwi aya kubva kuna Gidhi, ndakazadzwa nokufara kukuru pamusana pekunaka kwaMwari mukutichengetedza, kuti tisafe tose; hongu, uye ndinovimba kuti mweya yeavo vakauraiwa “yapinda muzororo raMwari vavo.

CHITSAUKO 58

Hiramani, Gidhi naTeomuneri vanотора гута reMandi nenjere—MaRamani anobva—Vanakomana vevanhu vaAmoni vanochengetedzwa sezvo vachimira vakasimba mukurwira rusununguko nerute-ndo rwavo. Zvingangove makore 63 kusvika ku62 Kristu asati azvarwa.

ZVINO tarisai, zvino zvakaitika kuti chechipiri chataida kuita kutora guta reMandi; asi tarisai, pakange pasina nzira yataita kuti tivakwezve kubva muguta nekushomeka kwatakanga takaita. Nokuti tarisai, vakayeuka zvatakanga tamboita; naizvozvo hataikwanisa “kuvakwezva kuti vabve mumisimboti yavo.

2 Uye vakanga vakawanda kupfuura mauto edu kure kure zvekuti hataimbozviita kuti tiende tinovatanga munzvimbo dzavo dzakasimba.

3 Hongu, uye takaona kuti

zvaifanira kuti tiise vanhu vedu kuti vachengetedze ayo mativi enyika atakanga tatora zvakare aive edu; naizvozvo zvakarati-dza kuti taifanira kumbomira, kuti zvimwe tingatambire zvimwe zvekudya kubva kunyika yeZarahemura nevamwe veku-pamhidzira simba redu.

4 Uye zvakaitika kuti ndakatumira nhume kuna gavhuna wenyika yedu, kuti ndimuzivise nezvevanhu vedu. Uye zvakaitika kuti takamirira kuti tiwane zvekudya nekusimbiswa kubva kunyika yeZarahemura.

5 Asi tarisai, izvi hazvina zvizhinji zvazvakatiyamura; nokuti maRamani akanga achikwana simba guru zuva nezuva, nezvekudya zvakawanda; uye ndizvo zvakanga zvakaita zvihnu zvedu panguva iyoyi.

6 Uye maRamani vaiuya vachitinetsa nguva nenguva, vachida kutiparadza nenjere; zvakadaro hataikwanisa kurwisana navo, pamusoro penzvimbo dzavo dzekuhwanda nenzvimbo dzavo dzakasimba.

7 Uye zvakaitika kuti takamirira muzvinhu zvakaoma kudai kwenguva yemwedzi mizhinji, kudakara tave kuita setichafa nekuda zvekudya.

8 Asi zvakaitika kuti takagashira zvekudya, zvakanga zvachengetedzwa nevarume vaisvika zviuru zviviri vakanga vauya kuzotiyamura; uye ndirwo ruyamuro rwose rwatakambira, kuti tizvirwire nenyika yedu kuti tisawire mumaoko

evavengi vedu, hongu, kuti tirwisane nemuvengi akanga asingaverengeke.

9 Uye zvino chikonzero chekunyadziswa kwedu uku kana chikonzero chavakaregerera kutitumira vamwe vanhu kuzotisimbisa, hatina kuziva; naizvozvo zvakatisuwisa uye zvikatizadzawo nekutya, kuti zvimwe nekumwe kutonga Mwari vangingotongera nyika yedu, zvinotibvisa panzvimbo nokubva taparadzwa zvachose.

10 Naizvozvo takaburitsa mweya yedu mumunamato kuna Mwari, kuti vatisimbise nekuti vatibvise mumaoko evavengi vedu, hongu, nokutipawo simba rekuti tirambe tiine maguta edu, neminda yedu, nezvinhu zvedu, zvekuriritira vanhu vedu.

11 Hongu, uye zvakaitika kuti Ishe Mwari vedu vakatishanyira vakatisimbisa kuti vanotiponesa; hongu, zvekuti vakataura runyararo kumweya yedu, uye vakatipa rutendo rukuru, vakatiita kuti tivimbe kuti vachatiponesa.

12 Uye takave nekusatya nemauto edu mashoma atakanga tatambira, ndokubva tava nokushinga kuti tikurire muvengi wedu, “nokuchengetedza nyika yedu, nezvinhu zvedu, nevakadzi vedu, nevana vedu, ^bnerusununguko rwedu.

13 Uye naizvozvo takaenda kunorwisa maRamani nesimba redu rose, vakanga vari muguta reMandi; uye tikadzika matende

edu munyasi merenje, raive pedyo neguta.

14 Uye zvakaitika kuti rave ramangwana, maRamani pava-kaona kuti takanga tiri kumuganhu munyasi merenje rakanga riri pedyo neguta, kuti vakatumira vasori vavo kwatiri kuti vaone kuti tiri vangani nokuti mauto edu akawanda zvakadii.

15 Uye zvakaitika kuti pavakawana kuti takanga tisina kusimba, maererano neuwanda hwedu, nokutya kuti tingangove pakati pavo neavo vanovatsigira kunze kwekunge vatouya kuzorwa nesu nekutiuraya, nokufungawo kuti vaikwanisa kutiparadza nyore-nyore nenzira yevanhu vavo vakanga vakawandisa, naizvozvo vakatanga kugadzirira kuti vauye vazorwa nesu.

16 Uye zvatakaona kuti vari kugadzirira kuti vazotirwisa, tarisai, ndakaita kuti Gidhi nevarume vashoma-shoma vaverere vapinde murenje, uye ndikaitawo kuti Teomuneri nevamwe varume vashoma-shoma vaverere vaende murenje.

17 Zvino Gidhi nevanhu vake vakaenda nechekurudyi uye vamwe vakaenda nechekuruboshwe; uye zvavakanga vahwanda kudaro, tarisai, ndakasara nevakanga vasara vemauto angu, munzvimbo iyoyo yatakanga tadzika matende pakutanga tikamirira nguva yekuuya kwemaRamani kuzotirwisa.

18 Uye zvakaitika kuti maRamani akauya kuzotirwisa nemauto avo akanga akawandisa.

Uye zvavakanga vauya vave kuda kutanga kutirwisa nemi-
nondo, ndakaita kuti vanhu
vangu, avo vakanga vaineni,
kuti vatizire murenje.

19 Uye zvakaitika kuti ma-
Ramani akatitevera achimhanya
zvikuru, nokuti vakanga vachida
chaizvo kuti vatibate vatiuraye;
naizvozvo vakatitevera murenje;
uye isu takapfuura nepakati
paGidhi naTeomuneri, zvekuti
maRamani haana kuvaona.

20 Uye zvakaitika kuti ma-
Ramani paakanga apfuura, kana
mauto paakanga apfuura, Gidhi
naTeomuneri vakasimuka kubva
munzvimbo dzavo dzekuhwa-
nda, uye vakabva vadzivirira
vasori vemaRamani kuti vasa-
dzokere kuguta.

21 Uye zvakaitika kuti vavadi-
mburira kudaro, vakamhanyira
kuguta vakanorwisa vatariri
vakanga vasiwa kuti vachenge-
te guta, zvekuti vakavaparadza
uye vakabva vatora guta.

22 Zvino izvi zvakaitwa nokuti
maRamani akanga arasikirwa
nemauto avo ose akwezverwa
kurenje, kunze kwevatariri
vashoma-shoma.

23 Uye zvakaitika kuti Gidhi
naTeomuneri nezvizvi vakanga
vatora nzvimbo dzavo dzaka-
simba. Uye zvakaitika kuti ta-
katora gwara redu, mushure
mekufamba zvikuru murenje ti-
kananga kunyika yeZarahemura.

24 Uye zvino maRamani vaka-
nga vachifora vakananga ku-
nyika yeZarahemura, vakatya
zvikuru, kuti zvimwe kune zano
rekuti vapinzwe mukupara-

dzwa; naizvozvo vakatanga ku-
dzokera shure kupinda murenje
zvakare, hongu, kana kudzo-
kera nenzira yavakambenge
vambouya nayo.

25 Uye tarisai, hwakanga hwa-
ve usiku uye vakadzika mate-
nde avo, nokuti mutungamiri
mukuru wemaRamani akanga
afunga kuti maNifai aneta ne-
kufamba kwavo; uye vachifu-
ngawo kuti vakanga vatanda-
nisa mauto avo ose naizvozvo
havana kuzombofunga nezve-
guta reMandi.

26 Zvino zvakaitika kuti hwa-
ve usiku, ndakaita kuti vanhu
vangu vasarare, asi kuti vafore
neimwe nzira vachienda ku-
nyika yaMandi.

27 Uye nenzira yekufora kwe-
du uku nguva dzeusiku, tarisai,
ave mangwana takanga tave
kure namaRamani, zvekuti ta-
kavatangira kusvika kuguta
reMandi.

28 Uye naizvozvo zvakaitika
kuti, nenjere idzi takatora guta re-
Mandi pasina ropa rakadeurwa.

29 Uye zvakaitika kuti paka-
svika mauto emaRamani pedyo
neguta, ndokuona kuti takanga
takagadzirira kusangana navo,
vakashamiswa zvikuru uye
vakapindwa nokutya kukuru,
zvekuti vakatizira murenje.

30 Hongu, uye zvakaitika kuti
mauto emaRamani akatiza mu-
nzvimbo ino yose yenyika. Asi
tarisai, vakatakura vakadzi vazhi-
nji nevana kubva munyikamo.

31 Uye “ayo maguta akanga
atorwa nemaRamani, ose pangu-
va ino ari mumaoko edu; uye

madzibaba edu nemadzimai edu nevana vedu vave kudzokera kumisha yavo, vose kunze kwe-avo vakatorwa sevasungwa, uye vakatakurwa nemaRamani.

32 Asi tarisai, mauto edu mashoma kuti agone kuchengetedza maguta akawanda zvakadai nezvinhu zvakawanda kudaro.

33 Asi tarisai, tinovimba naMwari vedu atiita kuti tikunde munyika idzodzo, zvekuti tikwanise kutora maguta iwayo nenyika idzodzo, zvakanga zviri zvedu.

34 Zvino hatizive chikonzero chiri kuita kuti hurumende isatipe vamwe vanhu vekutisimbisa; kana avo varume vakauya kwatiri havazive kuti sei tisina kutambira simba rakapfuura ipapa.

35 Tarisai, hatidi kutsutsu-mwa kana paine zviri kukutadzisai, sezvo makabvisa mauto muchiaisa kurutivi irworwo rwenyika.

36 Uye kana zvisirizvo, tarisai, kune *“kupesana muhurumende, zvekuti kana vakasatitumira vamwe vanhu kuti vazotipa ru-yamuro; nokuti tinoziva kune vanhu vazhinji kwazvo kupfu-ura avo vatakatumirwa.*

37 Asi tarisai, hazvina mhosva zvazvo—ndinovimba kuti Mwari *“vachatiponesa, kana dai zvazvo mauto edu asina kuwanda, hongu, uye vanotibvisa mumaoko evavengi vedu.*

38 Tarisai, iri igore rechimakumi maviri nemapfumbamwe, mukupera kwaro, uye tine

matunhu enyika yedu; uye ma-Ramani atizira kunyika yaNifai.

39 Uye avo vanakomana vevanhu vaAmoni, uye vandataura zvikuru nezvavo, vaneni muguta reMandi; uye Ishe vakavairiritira, hongu, uye vakavaita kuti vasapunzwe nemunondo, zvekuti hakuna kana *“mumwechete wavo akauraiwa.*

40 Asi tarisai, vakaitwa maronda akawanda; zvakadaro vakasimba *“murusununguko rwavakapiwa naMwari avo vakavasunungura; uye vakaoma mukurangerira Ishe Mwari vavo zuva nezuva; hongu, vano-cherechedza kuchengeta mirau yavo, nokutonga kwavo, nemirairo yavo nguva dzose; uye rutendo rwavo rwakasimba muhuporofita huri maererano nezvichauya.*

41 Uye zvino, mukoma wangu anodiwa, Moronai, Ishe Mwari vedu, avo vakatinunura uye vakatiita kuti tive takasununguka, vakuchengete uri pamberi pavo nguva dzose; hongu, uye vavade vanhu ava, kana kukuita kuti ubudirire mukutora zvose izvo zvatakatorerwa nemaRamani, zvakanga zviri zvinhu zvaiita tizviriritire. Uye zvino, tarisai, ndinopedzera pano tsamba yangu. Ndini Hiramani, mwanakomana waAruma.

CHITSAUKO 59

Moronai anokumbira Pahorani kuti asimbise mauto aHiramani—

MaRamani anotora guta reNifaiha—Moronai anoshatirirwa hurumende. Zvingangove makore 62 Kristu asati azvarwa.

ZVINO zvakaitika mugore rechi-makumi matatu rekutongwa kwemaNifai nevatongi, mushure mekunge Moronai atambira uye ndokuverenga “tsamba ya-Hiramani, akafara zvikuru nemagariro akanaka, hongu, uye nokubudirira kukuru kwakanga kwaita Hiramani mukutora idzo nyika zvakare dzavakambenge vamborasikirwa nadzo.

2 Hongu, uye akazviita kuti zvizivikanwe nevanhu vake vose, munyika yose yakakomberedza kudivi kwaakanga iye ari, kuti naivowo vafare.

3 Uye zvakaitika kuti pakarepo akabva atumira “tsamba kuna ^bPahorani, achimukumbira kuti aite kuti vanhu vaungane pamwechete kuti vanosimbisa Hiramani, kana kuti mauto aHiramani, zvinoita kuti zvimutire nyore kuti achengetedze iro dunhu renyika raakakundiswa nezvishamiso kuti aritore zvakare.

4 Uye zvakaitika kuti Moronai zvaakanga atumira tsamba iyi kunyika yeZarahemura, akatanga kufunga zano rekuti atore zvakare izvo zvinhu nemaguta akanga asara akatorwa nema-Ramani.

5 Uye zvakaitika kuti zvakanga Moronai achigadzirira kuti aende kunorwisana nemaRamani, tarisai, vanhu vaNifaiha, vaka-

nga vaungana pamwechete kubva kuguta raMoronai nekuguta raRihai neguta raMoriandoni, vakarwiswa nemaRamani.

6 Hongu, kana avo vakanga vamanikidzwa kutiza kubva kunyika yeMandi, nemumatunhu akatenderedza, vakanga vauya vakazobatana nemaRamani mudivi rino renyika.

7 Uye sezvo vakanga vakawanda zvikuru, hongu, vaiwanda zuva nezuva, zvichibva kuna Amoroni vakauya vakanorwisana nevanhu veNifaiha, uye vakatanga kuvauraya zvakaipa kwazvo.

8 Uye mauto avo akanga akawanda zvekuti vakasara vevanhu veNifaiha vakati rutsoka ndibereke; uye vakauya uye vakasvikobatana nematico aMoronai.

9 Uye zvino sekufunga kwaMoronai kuti dai kwatumirwa vanhu kuguta raNifaiha, kuti vanhu vayamurwe kuchengetedza guta iri, uye nokuziva kuti zvaive nyore kudzivirira guta kuti risawire mumaoko ema-Ramani pane kuzoritora kwavari, akafunga kuti zvichave nyore kuti vachengetedze guta iri.

10 Naizvozvo akachengeta ose mauto ake kuti akwanise kuchengetedza nzvimbo dzose dzaakanga atora.

11 Uye zvino, Moronai zvaakawana kuti guta reNifaiha rakanga ratorwa akasuwa zvikuru, uye akatanga kukahadzika, pamusana peupi hwevanhu, kuti havangangowira mumaoko ehama dzavo.

12 Zvino izvi ndizvo zvakanga zviri vatungamiri vakuru vake. Vaikahadzika nokushamiswawo pamusana peupi hwevanhu, uye izvi zvichikonzerwa nokukurirwa kwavo nemaRamani.

13 Uye zvakaitika kuti Moronai akashatirirwa hurumende, pamusana “pekushaya hanyin’ a kwavo nezvekusununguka kwenyika yavo.

CHITSAUKO 60

Moronai anonyunyuta kuna Pahorani nezvekushaya hanyin’ a kwehurumende mukuchengeta mauto—Ishe vanobvumira kuti vakarurama vauraiwe—MaNifai akafanira kushandisa simba ravo rose nezvose zvavanogona kuti vazviponese kuvavengi vavo—Moronai anoti acharwisa hurumende kana vakasapa mauto ake zvanoda. Zvingangove makore 62 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti akanyorera zvakare kuna gavhuna wenyika, akanga ari Pahorani, uye aya ndiwo mazwi aakanyora, achiti: Tarisai, ndinonangisa tsamba yangu kuna Pahorani, ari muguta reZarahemura, anove ndiye mutongi “mukuru uye ari gavhuna wenyika, uye nekune avo vakasarudzwa nevanhu kuti vatonge nokufambisa nyaya dzehondo ino.

2 Nokuti tarisai, ndine zvandinoda kutaura kwavari ndichivapa mhosva; nokuti tarisai, imi munoziva pachenyu kuti maka-

nzi muunganidze vanhu, uye movapa minondo, nezvipanga, nezvombo zvehondo zvose zvakasiyana-siyana, uye movatumira kuti vanorwisa maRamani, kwose kurutivi kwavanenge vauya munyika medu.

3 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri ini pachangu, nevanhu vanguwo, naHiramaniwo nevanhu vake, takatambudzika zvikuru; hongu, kana kufanenzara, nyota, nokuneta, nemamwe matambudziko emarudzi akasiyana-siyana.

4 Asi tarisai, dai izvi kuri iko kutambudzika kwedu kwose tingadai tisingatsutsumwe kana kunyunyuta.

5 Asi tarisai, vanhu vedu vakauraiwa zvikuru; hongu, zviuru nezviuru zvapakunzwa nemunondo, zvingadai zvisina kuitika dai makanga makapa mawuto edu simba uye neruyamuro rwakakwana. Hongu, makatiregerera zvakaipa chaizvo.

6 Uye zvino tarisai, tinoda kuziva chikonzero chekutiregerera zvakakura kudai; hongu, tinoda kuziva chikonzero chekusafunga kwenyu.

7 Mungafunge here kugara pachigaro chenyu chekutonga murere mukusafunga, ivo vavengi venyu vachikudza basa rekuuraya rakakutenderedzai? Hongu, vachiponda zviuru nezviuru zvehama dzenyu—

8 Hongu, kana ivavo vakatarisira kwamuri kuti muvadzivirire, hongu, vakakuisai munzvimbo yokuti mungadai

makavayamura, hongu, mungadai makatumira mauto kwavari, kuti muvasimbise, uye makaponesa vazhinji kuti vasapunzwe nemunondo.

9 Asi tarisai, izvi hazvizizvo zvose—makavanyima zvekudya, zvekuti vazhinji vavo vakarwa vakabuda ropa kudakara kufa pamusana peshungu dzavo dzikuru dzavaive nadzo pamusoro pemagariro akanaka evanhu ava; hongu, izvi vakazviita ivo vave kuda “kufa nokuziya nenzara, pamusana pekuvaregerera kwenyu kunotyisa.

10 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa—nokuti munofanira kuve munodiwa; hongu, uye mungadai makashanda nesimba kupinda iri kuitira magariro akanaka nerusununguko zvevanhu ava; asi tarisai, makavaregerera zvekuti ropa rezvuru richauya pamusoro penyu kutsividza, hongu, nokuti Mwari vaiziva kuchema kwavo kwose, nokutambudzika kwavo kwose—

11 Tarisai, munofunga here kuti munogona kugara pazvigarozvenyu zveushe, nepamusana pekunaka kwaMwari musina chamuri kuita moponeswa zvenyu? Tarisai, kana zviri izvo zvamaifunga muri kufunga pasina.

12 “Munofunga here kuti, nenzira yekuti vazhinji vehama dzenyu vakauraiwa pamusana peupi hwavo? Ndinoti kwamu-

ri, kana zviri izvo zvamakafunga makafunga pasina; nokuti ndinoti kwamuri, kune vazhinji vakapunzwa nemunondo; uye tarisai zvinopisa imi mhosva;

13 Nokuti Ishe vanobvumira kuti “vakarurama vauraiwe kuti kuranga nekutonga kwake kuuye pamusoro pevakaipa; nainzvozo hamufanire kufunga kuti vakanaka varasika nokuti vauraiwa; asi tarisai, vanopinda muzororo raIshe Mwari vavo.

14 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri, ndirikutya zvikuru kuti kutonga kwaMwari kuchauya pamusoro pevanhu ava, pamusana penungo dzavo dzisingaite, hongu, kana nenungo dzehurumende yedu, nokushaya hanyn’a kukuru nehama dzavo, hongu, kune avo vakauraiwa.

15 Nokuti dai hwakanga husiri “huipi hwakatanga nevari kumusoro, tingadai takakunda vavengi vedu zvekuti vangadai vasina kuwana simba pamusoro pedu.

16 Hongu, dai pasina “hondo yakaitika pakati pedu; hongu, dai vakanga vasiri ^bvanhu vamambo ava, vakaita kuti kuparadzike ropa rakawanda pakati pedu; hongu, panguva iyoyo takanga tichirwisana pachedu, dai takanga tasanganisa simba redu sekuita kwataichimboita; hongu, dai pakanga pasina kuda simba nemvumo yekutonga iro raive nevanhu vamambo

9a Aruma 58:7.

12a Ruka 13:1–5.

13a Aruma 14:10–11;

D&Z 42:46–47.

15a Aruma 51:9, 13.

16a Aruma 51:16–19.

b Aruma 51:5, 8.

pamusoro pedu; dai vakanga vari pachokwadi nepfungwa dzerusununguko rwedu, vakabatana nesu, uye vakaenda kunorwisana nevavengi vedu, kunze kwekutora minondo yavo kubaya isu, zvakakonzera kudeuka kweropa kukuru pakati pedu; hongu, dai takanga tavaendera musimba ralshe, tingadai takaparadza vavengi vedu, nokuti zvingadai zvakaitwa, maererano nokuzadzikiswa kweshoko ravo.

17 Asi tarisai, zvino maRamani ave kutikurira achitora nyika yedu, uye vari kuponda vanhu vedu nemunondo, hongu, vakadzi vedu nevana vedu, nekuvatora kunovaita nhapwa, vachiita kuti vatambudzike zvakasiyanasiyana, uye zvose izvi zvichikonzerwa neuipi hukuru hunoitwa neavo vanoda simba nemvumo, hongu, kana ivo vanhu vamambo.

18 Ko ndinotaurirei zvakanyanza nezvenyaya iyi? Nokuti hatina chatinoziva kunze kwekuti imi pachenyu muri kutsvaka simba. Hatizive asi tinoona kuti imi muri vatengesi venyika yenyu.

19 Kana kuti makashaya hanyn'a nesu pamusana pekuti imi mugere pakati penyika yedu uye makakomberedzwa naizvozvo makadzivirirwa, kuti hamuite kuti zvekudya zvitumirwe kwatiri, nevarume vekuzosimbisa mauto edu?

20 Makanganwa here mirairo yaIshe Mwari venyu? Hongu,

makanganwa utapwa hwama-dzibaba edu? Makanganwa here nguva dzakawanda dzatakabviswa mumaoko evavengi vedu?

21 Kana kuti munofunga here kuti Ishe vachangotiponesa, tigere zvedu pazvigaroro zvedu zvekutonga uye tisingashandise zvaakatipa kuti tishandise?

22 Hongu, munogara musina chamuri kuita imi makakombwa nezviuru zveavo, hongu, uye makumi ezviuru, zvevagerewo chete vasina chavari kuita, kuine zviuru zvevari mukati memiganhu yenyika vari kurigwa nemunondo, hongu, vakakuvara uye vari kubuda ropa?

23 Munofunga kuti Mwari vanokutarisai vachiti hamuna mhosva imi mugere uye makatarisa zvinhu izvi? Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete. Zvino ndinoti dai marangarira kuti Mwari vakati mudziyo "wemukati ndiwo unotanga kusukwa, uye ndipo pozosukwawo mudziyo wekunze.

24 Uye zvino, kunze kwekunze mapinduka pane zvamakaita, uye motanga kusimuka muchishanda, uye motumira zvekudya nevanhu kwatiri, nekuna Hiramaniwo, kuti atsigire ayo matunhu enyika aakatora zvakare, nekutiwo titore zvinhu zvakare zviriri mumatunhu iwaya, tarisai zvichave zvakafanira kuti timbomira kurwisana nemaRamani kudakara tatanga kusuka mudziyo wedu wemukati, hongu, kana musoro mukuru wehurumende yedu.

25 Uye kunze kwekunge mandipa zvandataura mutsamba yangu, uye mukauya kwandiri nokundiratidza pachena “mweya wechokwadi werusununguko, nokuedza kusimbisa neku-dzivirira mauto edu, nokuvapa zvekudya zvekuvariritira, tarisai tichasiya chikamu chevanhu vangu vakasununguka kuti vachengete divi rino renyika, uye ndovasiira simba nemaropafadzo aMwari pavari, kuti pashaye rimwe simba ringavarwise —

26 Uye izvi zvinoitika pamusana perutendo rwavo rwokuru, nokushivirira kwavo mukutambudzika kwavo —

27 Uye ndichauya kwamuri, uye kana paine mumwe pakati penyu anoda rusununguko, hongu, kana paine unyiri-nyiri hwerusununguko rwasara, tarisai tichamutsa kumukirana pakati penyu, kudakara avo vanoda kutora masimba nemvumo vachapera.

28 Hongu, tarisai handitye simba renyu kana mvumo yenyu, asi “Mwari vangu ndivo vandinotyia; uye zviri maererao nemirairo yavo zvinoita kuti nditore munondo wangu kuti ndirwire nyika yangu, uye kuda kwekuipa kwenyu kwakaita kuti tirasikirwe zvakadai.

29 Tarisai yave nguva, hongu, nguva yasvika zvino, kuti mukasamuka mukurwira nyika yenyu nevadiki venyu, “munondo wekuranga wuri kurembera wuri pamusoro penyu; hongu, uye wuchawira pamuri uye

wugokushanyirai kudakara kuparara kwenyu zvachose.

30 Tarisai, ndakamirira ruyamuro kubva kwamuri; uye, kunze kwekunge matiyamura, tarisai, ndinouya kwamuri, kana munyika yaZarahemura, uye ndokubayai nemunondo, zvekuti hamuzowana simba rekukanganisa kufambira mberi kwevanhu ava mukuda rusununguko.

31 Nokuti tarisai, Ishe havabvumire kuti mugare uye mugosimba mukuipa kwenyu kuti muparadze vanhu vake vakarurama.

32 Tarisai, munofunga here kuti Ishe vangaponese imi uye vagotonga maRamani, iko kuri kuita kwemadzibaba avo kwakakonzera ruvengo rwavo, hongu, uye rwakawanzwa neavo vakapanduka kubva kwatiri, iko kuipa kwenyu kuri kwekuda kwenyu kuita mbiri nezvinhu zvisina maturo zvenyika?

33 Munoziva kuti munotyora mitemo yaMwari, uye munoziiva kuti munoitsikirira pasi petsoka dzenyu. Kana avo vamakaita magavhuna enyu vaka-satendeuka muzvitema zvavo nezvitadzo zvavo, muchaenda kunorwisana navo.

34 Uye zvino tarisai, ini, Moronai, ndakatunhwa, maererao nechibvumirano chandakaita kuti ndichachengeta mirairo yaMwari vangu, naizvozvo ndinoti dai mabatirira kushoko raMwari, uye munditumire nekukurumidza zvekudya

zvenyu nevanhu venyu, nekuna Hiramaniwo.

35 Uye tarisai, kana mukasaita izvi ndiri kuuya kwamuri nokukurumidza; nokuti tarisai, Mwari havabvumire kuti tife nenzara; naizvozvo achatipa isu kudya kwenyu, kana dai zvichireva kushandisa munondo. Zvino onai kuti mazadzikisa shoko raMwari.

36 Tarisai, ndini Moronai, mutungamiri mukuru wemauto enyu. “Handitsvake simba, asi kurikoromora. Handitsvake kukudzwa nenyika, asi mbiri yaMwari vangu, nerusununguko nemagariro akanaka enyika yangu. Uye ndiko kupedza kwandinoita tsamba yangu.

CHITSAUKO 61

Pahorani anotaaurira Moronai nokumukira nechimurenga chekurwisa hurumende—Vanhu vaMambo vanotora Zarahemura ndokubatana nemaRamani—Pahorani anokumbira ruyamuro rwemauto kuti arwise vapanduki. Zvingangove makore 62 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti Moronai achangobva mukutumira tsamba yake kuna gavhuna wenyika mukuru, akatambira tsamba yakabva kuna “Pahorani, gavhuna wenyika mukuru. Uye aya ndiwo mazwi aakatambira:

2 Ini Pahorani, ndinova ndini gavhuna wenyika ino, ndinotumira mazwi aya kuna Moronai, mutungamiri mukuru wemauto.

Tarisai, ndinoti kwauri Moronai, handifadzwe “nematambudziko ako akakura zvikuru, hongu, zvinosuwisa mweya wangu.

3 Asi tarisai, kune avo vanofadzwa nekutambudzika kwako, hongu, zvekuti vasvika mukundipandukira, nevanhu vangu “vakasununguka, hongu, uye avo vapanduka vakawandisa.

4 Uye ndevavo vanotsvaka kutora chigaro chekutonga kubva kwandiri vanove ndivo chikonzero chekuipa kukuru uku, nokuti vakashandisa kunyengedza kukuru, uye vakanyengedza mwoyo yevanhu vazhinji, chichave chikonzero chekurwadzisana pakati pedu; vakabata zvekudya zvedu, uye vakatyisidzira vanhu vedu vakasununguka kuti vatadze kuuya kwauri.

5 Uye tarisai, vakanditandani sa pamberi pavo, uye ndatizira kunyika yaGideoni, nevanhu vakawanda vandaikwanisa kuwana.

6 Uye tarisai, ndatumira shoko kurutivi rwuno rwose rwenyika; uye tarisai, vari kuuya kwatiri mazuva ose, nezvombo zvavo, vachirwira nyika yavo “nerusununguko rwavo, nekutsividza kutadzirwa kwedu.

7 Uye vauya kwatiri, zvekuti avo vakatimukira muchimurenga vakanyadziswa, hongu, zvekuti vave kutitya uye havachauya kuti vazotirwisa.

8 Vakatora nyika kana kuti guta reZarahemura; vakagadza mambo wekuvatonga, uye akanyorera mambo wemaRamani,

achibva abatana naye; muku-
batana uku abvuma kuchengeta
guta reZarahemura, kuchengeta
uku anofunga kuti kuchaita kuti
maRamani akunde matunhu
asara enyika, uye iye oitwa ma-
mbo wevanhu ava vari vaku-
ndwa vave pasi pemaRamani.

9 Uye zvino, mutsamba yako
wandipa mhosva, asi hazvina
mhosva; handina kushatirwa,
asi ndinofara nekukura kwe-
mwoyo wako. Ini Pahorani, ha-
nditsvake simba, kunze kwekuti
ndirambe ndiine chigaro changu
chekutonga kuti ndigogona
kuchengetedza zvinhu nekuzvi-
tonga kwevanhu vangu. Mweya
wangu unomira wakasimba mu-
kuzvitonga uko kwakaita kuti
Mwari atiite “vakasununguka.

10 Uye zvino, tarisai, tichara-
mba uipi kana dai zvichireva
kudeuka kweropa. Hataideura
ropa remaRamani dai vaigara
kunyika kwavo.

11 Hataideura ropa rehama
dzedu dai vasingatimukire mu-
chimurenga uye vachitirwisa
nemunondo.

12 Taizviisa mujoki reusungwa
isu pachedu dai zvainge zvichi-
diwa nekutonga kwakanaka
kwaMwari, kana dai aitiudza
kuti tidaro.

13 Asi tarisai haatiudze kuti
tizviise pasi pevavengi vedu, asi
kuti tiise “ruvimbo rwedu maari,
uye iye anotiponesa.

14 Naizvozvo, hama yangu
inodiwa, Moronai, ngatirambei
chakaipa, uye chose chakaipa

chatisingagone kuramba nemi-
romo yedu, hongu, chakafana-
na nechimurenga neupanduki,
“ngatizvirambei neminondo
yedu, kuti tirambe tiine rusu-
nunguko rwedu, kuti tigofara
mupundutso huru yechechi
yedu, nemune Mununuri wedu
mukuru naMwari wedu.

15 Naizvozvo, uya kwandiri
nokukurumidza nevashoma ve-
vanhu vako, uye usiye vamwe
vacho vari mumaoko aRihai na-
Teangumu; uvape simba reku-
tungamira hondo mudivi iroro
renyika, maererano “neMweya
waMwari, uri iwoyo mweya
werusununguko uri mavari.

16 Tarisai ndatumira zvekudya
zvishoma kwavari, kuti vasafe
nenzara kudakara iwe wauya
kwandiri.

17 Unganidza pamwechete
vose avo vaunokwanisa paku-
uya kwako kuno, uye tigoenda
nokukurumidza kunorwisa avo
vapanduki, musimba raMwari
vedu maererano nerutendo
rwuri matiri.

18 Uye tigitora guta reZarahe-
mura, kuti tigowana zvekudya
zvizhinji zvekutumira kuna
Rihai uye naTeangumu; hongu,
tichaenda kunovarwisa tiri mu-
simba raIshe, uye tobva tapedza
kutadza nekuipa kukuru uku.

19 Uye zvino, Moronai, ndino-
fara nokutambira tsamba yako,
nokuti ndakanganda ndichinetsika
nokuti tingaiti, kuti zvingave
zvakanaka here kuti tirwise
hama dzedu.

9a Joh. 8:31-36;
D&Z 88:86.

13a NKM Rutendo; Vimba.

14a Aruma 43:47.

15a II VaKori. 3:17.

NKM Mweya

Mutsvene.

20 Asi iwe wakati, kunze kwekunge vatendeuka Ishe akakudza kuti unovarwisa.

21 Ona kuti “wasimbisa Rihai naTeangumu muna Ishe; vaudze kuti vasatye, nokuti Mwari vachavaponesa, hongu, neavowo vakasimba mukuzvitonga kwavakaitwa naMwari kuti vave vakasununguka. Uye zvinno ndave kupedza tsamba yangu kuhama yangu inodiwa Moronai.

CHITSAUKO 62

Moronai anoenda kunoyamura Pahorani munyika yaGideoni— Vanhu vamambo vanoramba kurwira nyika yavo vanouraiwa— Pahorani naMoronai vanatora zvakare Nifaiha— MaRamani vazhinji vanobatana nevanhu vaAmoni— Teangumu anouraya Amoroni uye iye anouraiwawo— MaRamani anotandaniswa munyika, uye kwobva kwave nerunyararo— Hiramani anodzokera kuhushumiri uye achibva avaka Chechi. Zvingangove makore 62 kusvika ku57 Kristu asati azvarwa.

UYE zvinno zvakaitika kuti Moronai paakanga atambira tsamba iyi mwoyo wake wakashinga, uye akazadzwa nemufaro mukuru pamusoro perutendo rwaPahorani, kuti akanga asiri naiyewo “mutengesi werusununguko nenyika yake.

2 Asi akachemawo zvikuru pamusana pekuipa kweavo

vakanga vabvisa Pahorani pachigaro chake chekutonga, hongu, muchidimbu nepamusana peavo vakanga vapandukira nyika yavo naMwari vavowo.

3 Uye zvakaitika kuti Moronai akatora vanhu vashoma-shoma, maererano nezvaida Pahorani, uye ndokubva apa kuna Rihai naTeangumu ukuru hwekutarisa mauto ake akanga asara, uye ndokubva aenda parwendu rwake akananga kunyika yeGideoni.

4 Uye akasimudza “mureza^b werusununguko munzvimbo yose yaakapinda, uye akatora mauto aaikwanisa mukufamba kwake kwose achienda kunyika yeGideoni.

5 Uye zvakaitika kuti zviuru zvakauya kumureza wake, uye vakatora minondo yekuti varwire rusununguko rwavo, kuti vasaiswe muusungwa.

6 Uye naizvozvo, Moronai paakanga aunganidza vanhu vose vaaikwanisa kuwana mukufamba kwake kwose, akasvika kunyika yeGideoni; uye ndokubatanidza mauto ake neayo aPahorani vakabva vasimba zvikuru, kana kusimba kupfuura vanhu vaPakusi, uyo akanga ari “mambo weavo vapanduki vakanga vatandanisa avo vaida^b rusununguko munyika yeZarahemura uye vakatora nyika iyoyo.

7 Uye zvakaitika kuti Moronai naPahorani vakaenda nematico avo kunyika yeZarahemura,

21a Zek. 10:12.

62 1a Aruma 60:18.

4a Aruma 46:12–13, 36.

NKM Mureza.

^b NKM Rusununguko.

6a Aruma 61:4–8.

^b Aruma 51:5–7.

uye vakanorwisa guta iri, uye vakasangana nevanhu vaPakusi, zvekuti vakauya kuzorwa.

8 Uye tarisai, Pakusi akauraiwa uye vanhu vake vakatorwa vakaitwa vasungwa, uye Pahorani akadzorerwa pachigaro chake chekutonga.

9 Uye vanhu vaPakusi vakatongwa, maererano nemutemo, neavo vanhu vamambo vakanga vatorwa vakakandwa mutirongo; uye vakatongerwa kufa "vakauraiwa maererano nemutemo; hongu, avo vanhu vaPakusi neavo vanhu vamambo, vose zvavo vairamba kutora zvombo kuti varwire nyika yavo, asi vachitoirwisa, vakauraiwa.

10 Uye zvakaonekwa kuti mutemo uyu wakafanira kuomeswa chaizvo kuti nyika isapinde mungozi; hongu, uye uyo aiwanikwa achirambidza vanhu rusununguko rwavo aiuraiwa nokukurumidza kwazvo maererano nemutemo.

11 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu ekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi; Moronai naPahorani vadzorera runyararo munyika yaZarahemura, pakati pevanhu vavo, vauraya avo vose vakanga vasiri pachokwadi munyaya dzerusununguko.

12 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nerimwechete rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi, Moronai nokukurumidza akaita kuti zvekudya zvitumirwe, nemauto anokwana zviuru zvitanzhatu

atumirwe kuna Hiramani, kunomuyamura mukuchengetedza divi iroro renyika.

13 Uye akaitawo kuti mauto anokwana zviuru zvitanzhatu, vaine kudya kwakakwana, vatumirwe kumauto aRihai naTeangumu. Uye zvakaitika kuti izvi zvakaitwa kudzivirira nyika kumaRamani.

14 Uye zvakaitika kuti Moronai naPahorani, vasiya chikwata chevarume vakawanda munyika yeZarahemura, vakatora rwendo rwekuenda kunyika yaNifaiha vaine chikwata chevarume vakawanda kwazvo, vazvipira kuti vanotandanisa maRamani aive muguta umu.

15 Uye zvakaitika kuti zvavakanga vachifamba vakananga kunyika iyi, vakatora chikwata chikuru chevarume vechiRamani, vakauraya vazhinji vavo, uye vakatora zvekudya zvavo nezvombo zvavo zvehondo.

16 Uye zvakaitika kuti mushure mekuvatora kwavo, vakavaita kuti vaite chibvumirano chekuti havachazatora zvombo zvavo zvehondo vachirwisa maNifai zvakare.

17 Uye vaita chibvumirano ichi vakavatumira kunogara nevanhu vaAmoni, uye vakanga vari vaisvika zviuru zvina vakanga vasina kuuraiwa.

18 Uye zvakaitika kuti vavatumira kudai vakasimudzira kufamba kwavo vachienda kunyika yeNifaiha. Uye zvakaitika kuti zvavakanga vasvika muguta reNifaiha, vakadzika matende

avo mumarenje eNifaiha, ari pedyo neguta reNifaiha.

19 Zvino Moronai akanga achida kuti maRamani auye kuzorwisana naye, mumarenje; asi maRamani nokuziva ugamba hwavo nekuona kuwanda kwavakanga vakaita, naizvozvo havana kuda kubuda kuti vanovarwisa; naizvozvo havana kuuya kuzorwa musu iwoyo.

20 Uye hwave usiku, Moronai akaenda murima reusiku, akasvika pamusoro pechidziro kuti asore kuti maRamani nemauto avo vakanga vari rutivi rwupi.

21 Uye zvakaitika kuti vakanga vari kumbavazuva, nechepaipindwa napo; uye vose vakanga vakarara. Uye zvino Moronai akadzokera kumauto ake, akaita kuti vagadzire nokukurumidza tambo dzakasimba nemanera, kuti vagozvidzikisa kubva pamusoro pechidziro vachidzikira mukati mechidziro.

22 Uye zvakaitika kuti Moronai akaita kuti vanhu vake vaende vanokwira pamusoro pechidziro, uye vagozvidzikisa kuti vapinde nerutivi irworwo rweguta, hongu, nechekumadokero, kwakanga kusina maRamani nemauto avo.

23 Uye zvakaitika kuti vose vakadzikiswa vakapinda muguta neusiku, vachishandisa tambo dzavo dzakasimba nemanera avo; naizvozvo kuchiedza vose vakanga vave mukati mechidziro cheguta.

24 Uye zvino, maRamani paakamuka uye akaona mauto

aMoronai ave mukati mechidziro, vakatya zvikuru, zvekuti vakabva vatiza vakabuda nepokupinda napo.

25 Uye zvino Moronai paakana kuti vave kumutiza, akaita kuti vanhu vake vavavinge, uye vakauraya vazhinji, uye akakomba vazhinjiwo, uye akavatora sevasungwa; uye vazhinji vavo vakatizira kunyika yaMoronai, yakange iri kumuganhu negungwa.

26 Ndiko kutora kwakaita Moronai naPahorani guta reNifaiha pasina kurasikirwa kana nemweya mumwechete; uye pakauraiwa maRamani akawanda.

27 Zvino zvakaitika kuti vazhinji vemaRamani vakanga vari vasungwa vaid kubatana “nevanhu vaAmoni uye kuti vavogve vanhu vakasununguka.

28 Uye zvakaitika kuti vose vaid, ivavo vakabvumirwa maererano nezvido zvavo.

29 Naizvo, vose vasungwa vechiRamani vakabatana nevanhu vaAmoni, uye vakatanga kushanda zvikuru, vachirima, nekukudza mbeu dzakasiyana-siyana, uye matanga emarudzi akasiyana-siyana; ndiko kuturwa kwakaitwa maNifai mutoro mukuru; hongu, zvekuti vakasunungurwa kubva kuvasungwa vose vechiRamani.

30 Zvino zvakaitika kuti Moronai, mushure mekunge atora guta reNifaiha, uye atora vasungwa vakawanda, zvakaita kuti mauto emaRamani ave mashoma kwazvo, uye awana maNifai

akanga akatorwa sevasungwa, zvakaita kuti mauto aMoronai asimbe zvikuru; naizvozvo Moronai akabva munyika yaNifaiha achienda kunyika yaRihai.

31 Uye zvakaitika kuti maRamani paakaona kuti Moronai ari kuvavinga, vakatya zvakare vakatiza mauto aMoronai.

32 Uye zvakaitika kuti Moronai nematico ake vakavatevera guta neguta, kudakara vasingana naRihai naTeangumu; uye maRamani akatiza Rihai naTeangumu, kana kunosvika kumuganhu negungwa, dakara vasvika kunyika yaMoronai.

33 Uye mauto emaRamani akanga aunganidzwa ose pamwechete, zvekuti vose vakange vari muchikwata chimwechete munyika yaMoronai. Zvino Amaroni, mambo wemaRamani, akange naiyewo ainavo.

34 Uye zvakaitika kuti Moronai naRihai naTeangumu vakaita misasa yavo nematico avo mumatunhu enyika yaMoronai, zvekuti maRamani akanga akomberedzwa nechekumuganhu werenje nechekumaodzanyemba, nekumuganhu werenje kumbvazuva.

35 Uye vakaita musasa kweusiku ihwohwo. Nokuti tarisai, maNifai naivowo maRamani vakanga vaneta pamusana pekureba kwerwendo rwacho; naizvozvo hapana zano rava-kambofunga usiku, kunze kwaTeangumu; nokuti akanga akashatirirwa Amaroni zvikuru, zvekuti aifunga kuti Amaroni

naAmarikaya mukoma wake, ndivo vakanga “vakonzera kuti pave nehondo isingapere iyi pakati pavo nemaRamani, yakonzera kurwa kwakawanda nekudeurwa kweropa, hongu, nenzara huru.

36 Uye zvakaitika kuti Teangumu nekushatirwa kwake akaenda kumisasa yemaRamani, uye akazvidzikisa mukati mechidziro. Uye akaenda netambo, nzvimbo nenzvimbo, zvekuti akawana pakanga paina mambo; uye “akakanda pfumo kwaari, rikabva rapinda nepedyo nepamwoyo. Asi tarisai, mambo akamutsa vanhu vake asati afa, zvekuti vakatandanisa Teangumu vakamuuraya.

37 Zvino zvakaitika kuti Rihai naMoronai pavakaziva kuti Teangumu afa vakasuwa zvikuru; nokuti tarisai, aive murume akanga arwira nyika yake segamba pasina kutya, hongu, shamwari yechokwadi mukuzvitonga; uye akanga atambudzika zvinorwadza zvikuru. Asi tarisai, akanga afa, uye akanga aenda nenzira yenyika yose.

38 Zvino zvakaitika kuti Moronai akabva afumofora mangwana acho, akabva asvika nepaive nemaRamani, zvekuti akavauraya zvakaipa; uye vakavatandanisa munyika; uye ivo vakatiza, zvekuti havana kudzoka panguva iyoyo kuzorwisana nemaNifai.

39 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu anegore rimwechete rekutongwa

kwevanhu vaNifai nevatongi; uye naizvozvo vakanga vaita hondo, nekudeuka kweropa, nenzara, nematambudziko, kwe-makore akati kuti.

40 Uye kwakanga kwave ne-kuponda, nokurwisana, neku-panduka, nokuipa kwose kwa-kasiyana-siyana pakati pevanhu vaNifai; zvisinei pamusana “pevakarurama, hongu, nenzira yeminamoto yevakarurama, va-kaponeswa.

41 Asi tarisai, nenzira yekure-besa kwehondo pakati pema-Nifai nemaRamani vazhinji vakanga vaoma, pamusana pekurebesa kwehondo; uye va-zhinji vakapfaviswa pamusana “pematambudziko, zvekuti va-kazvirereka pamberi paMwari, kana muudzamu hwekupfava.

42 Uye zvakaitika kuti mushu-re mekunge Moronai avakirira idzo nzvimbo dzaaiona kuti hadzina kusimba kunge maRa-mani auya, kudakara dzasimba zvakakwana, akadzokera ku-guta reZarahemura; naHirama-niwo akadzokera kunzvimbo yenhaka yake; uye makadzika nerunyararo zvakare mukati mevanhu vaNifai.

43 Uye Moronai akaisa simba rekutungamira mauto ake mu-maoko emwanakomana wake, zita rake ainzi Moronaiha; uye ndokubva iye anozorora ari kumba kwake kuti agare muru-nyararo mazuva akanga asara eupenyu hwake.

44 Uye Pahorani akadzokera pachigaro chake chekutonga; uye

Hiramani akasimudzira zvakare kuparidzira vanhu shoko ra-Mwari; nokuti pamusana peho-ndo dzakawanda nekunetsana zvakanga zvafanira kuti kuitwe chisungo chechechi zvakare.

45 Naizvozvo, Hiramani neha-ma dzake vakaenda, uye vaka-tura shoko raMwari nesimba guru zvekuti vazhinji “vakapwi-swa pamusoro pehuipi hwavo, zvakaita kuti vatendeuke mu-zvitema zvavo uye vakabhabha-tidzwa muna Ishe Mwari vavo.

46 Uye zvakaitika kuti vaka-misa zvakare chechi yaMwari munyika yose.

47 Hongu, zvisungo zvakaitwa maererano nemutemo. Uye va-tongi vavo, “nevatongi vavo vakuru vakasarudzwa.

48 Uye vanhu vaNifai vakata-nga “kubudirira munyika zva-kare, uye vakatanga kuwanda zvakare nekusimba zvikuru zvakare munyika. Uye vakata-nga kupfuma zvikuru.

49 Asi kana dai zvazvo vaka-nga vapfuma, kana kuve nesim-ba, kana kubudirira kwavo, havana kunge vakazvikudza nokudada nemaziso avo; havana kunge vachinonoka kurangarira Ishe Mwari vavo; asi vakazvire-reka zvikuru pamberi pake.

50 Hongu, vakarangarira zvi-nhu zvikuru zvavakanga vai-tirwa naIshe, kuti vakanga vavaponesa parufu, nemuma-joto, nemumatirongo, nemuma-tambudziko akasiyana-siyana, uye vakanga vavabvisa muma-oko evavengi vavo.

40a Aruma 45:15-16.

41a NKM Matambudziko.

45a D&Z 18:44.

47a Mosaya 29:39.

48a Aruma 50:20.

51 Uye vainamata kuna Ishe Mwari vavo nguva dzose, zvekuti Ishe vakavaropafadza, mayererano nezwi ravo, zvekuti vakasimba vakabudirira munyika.

52 Uye zvakaitika kuti zvose zvinhu izvi zvakaitwa. Uye Hiramani akafa, mugore rechimakumi matatu nemashanu rekutongwa kwemaNifai nevatongi.

CHITSAUKO 63

Shibhuroni anotora zvinyorwa zvinoera uye mushure zvozotorwa naHiramani—MaNifai mazhinji anofamba kuenda kunyika iri kuchamhembe—Hagoti anovaka ngarava, dzinofamba mugungwa rekumadokero—Moronaiha anokurira maRamani muhondo. Zvingangove makore 56 kusvika ku52 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi matatu nemakore matanhatu ekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi, kuti “Shibhuroni akatora izvo zvinhu ^bzvinoera zvakanza zvaiswa kuna Hiramani naAruma.

2 Uye akanga ari munhu akanka, uye aifamba akatwasanuka pamberi paMwari; uye aicherechedza kuita zvakanaka nguva dzose, kuchengeta mirau yaIshe Mwari vake; nemunin’ina wake ndizvo zvaakanga akaita.

3 Uye zvakaitika kuti Moronai akafawo. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu

nemakore matanhatu rekutonga kwevatongi.

4 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nemakore manomwe kwevatongi, kwaive neboka guru revarume, kana kusvika kuzviuru zvishanu zvine mazana mana, nevakadzi vavo nevana vavo, vakabva munyika yaZarahemura vachienda kunyika yaive “nechekuchamhembe.

5 Uye zvakaitika kuti Hagoti, semunhu akanga asingade kupfuurwa nechinhu, naizvozvo akaenda akanovaka ngarava huru kwazvo, pamuganhu wenyika yeMaguta, nechekunyika yeKuparadzwa, uye ndokuiisa mugungwa rechekumadokero, “nechepakamupata kakamanika kaienda munyika yekuchamhembe.

6 Uye tarisai, kune maNifai mazhinji akapindamo mungarava iyi uye vakaenda nezvekudya zvakanwanda, nevakadzi nevana vakawanda; uye vakatora gwara ravo vakananga kumadzanyemba. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu nemakore manomwe.

7 Uye mugore rechimakumi matatu nemakore masere, murume uyu akavaka dzimwe ngarava. Uye ngarava yekutanga yakadzokawo, uye vanhu vazhinji vakakwira mairi; naivowo vakatora zvekudya zvakanwanda, uye vakasimuka vakananga kunyika yekuchamhembe.

8 Uye zvakaitika kuti havana kuzombonzwikwa nezvavo

63 1a Aruma 38:1–2.
b Aruma 37:1–12.

NKM Mutsvene.
4a Aruma 22:31.

5a Aruma 22:32;
Eta 10:20.

zvakare. Uye tinofunga kuti vakanyura muudzamu hwegungwa. Uye vakaitika kuti imwe ngarava yakaendawo; kana yakasvika hatizive.

9 Uye vakaitika kuti mugore iri kune vanhu vazhinji vakaenda munyika “yekuchamhembe. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matatu nemakore masere.

10 Uye vakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nemapfumbamwe ekutonga kwevatongi, Shibhuroni akafawo, uye Koriandoni akanga aenda nengarava kunyika yekuchamhembe, kutakurira zvekudya vanhu vakanga vaenda kunyika iyoyo.

11 Naizvozvo zvakanga zvanfanira kuti Shibhuroni achipa zviye zvinhu zvaiera, asati afa, kumwanakomana “waHiramani, ainzi Hiramani, achidaidzwa zita rababa vake.

12 Zvino tarisai, zvose “zvinyorwa izvo zvaive mumaoko aHiramani zvakanyorwa uye zvikatumirwa kuvana vevanhu munyika yose, kunze kweayo

matunhu akanga anzi naAruma^b hazviende.

13 Zvisinei, zvinhu izvi zvaiereswa, “zvichitambidzwa kuchizvarwa nechizvarwa; naizvozvo, mugore iri, zvakanga zvapiwa kuna Hiramani, Shibhuroni asati afa.

14 Uye vakaitika kuti mugore iri makaita vapanduki vakanga vaenda kuma Ramani; uye vakamutswa kuti vashatirirwe maNifai zvakare.

15 Uye zvakare mugore irori vakauya nematico akawanda kuhondo vachirwisana nevanhu “vaMoronaiha, kana kuti vachirwisana nematico aMoronaiha, mavakakundwa uye vakatandanisirwa kunyika dzavo, varasikirwa zvakaipa.

16 Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechimakumi matatu nemapfumbamwe ekutongwa kwemaNifai nevatongi.

17 Uye ndiko kupera kwenyaya yaAruma, nemwanakomana wake Hiramani, naShibhuroniwo, akanga ari mwanakomana wake.

BHUKU RAHIRAMANI

Rungano rwemaNifai. Hondo dzavo nekupesana kwavo, noku-panduka kwavo. Uye huporofitawo hwevaporofita vatsvene vazhinji, Kristu asati auya, maererano nezvinyorwa zvaHiramani, aive mwana waHiramani, Uyewo maererano nezvinyorwa zvevanakomana vake, kana kusvika mukuuya kwaKristu. Uyewo vazhinji vemaRamani vanopinduka. Rungano rwekupinduka kwavo.

9a Hir. 3:11-12.

11a Ona musoro wenyaya kubhuku raHiramani.

12a Aruma 18:36.

b Aruma 37:27-32.

13a Aruma 37:4.

15a Aruma 62:43.

Rungano rwekururama kwemaRamani, nouipi noruvengo korwemaNifai, maererano nezvinyorwa zvaHiramani nezvevanakomana vake, kana kusvika mukuuya kwaKristu, rwunodaidzwa kuti bhuku raHiramani, nezvimwewo.

CHITSAUKO 1

Pahorani wechipiri anove mutongi mukuru uye obva apondwa na-Kishikumeni—Pakumenai anotora chigaro chekutonga—Korianduma anotungamira mauto ema-Ramani, anotora Zarahemura, uye anouraya Pakumenai—Moronaiha anokunda maRamani uye obva atora Zarahemura, uye Korianduma anouraiwa. Zvingangove makore 52 kusvika ku50 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino tarisai, zvakaitika mukutanga kwegore rechimakumi mana ekutongwa kwemaNifai nevatongi, pakatanga kuve nekuoma kwakanyanya pakati pevanhu vemaNifai.

2 Nokuti tarisai, “Pahorani akanga afa, aenda nenzira yenyika yose; naizvozvo pakatanga kuita nharo dzakaipa maererano nokuti ndiani angatore chigaro chekutonga pakati pevakoma nevanin’ina, vaive vanakomana vaPahorani.

3 Zvino aya ndiwo mazita avo vairwira chigaro chekutonga, vakaitawo kuti vanhu vapesane: Pahorani, Paanikai naPakumenai.

4 Zvino ava havazivo vana vose va Pahorani (nokuti aive nevakawanda), asi ava ndivo vairwira chigaro chekutonga; naizvozvo vakakonzero mapoka matatu pakati pevanhu.

5 Zvisinei, zvakaitika kuti Pahorani akasarudzwa “nezwi revanhu kuti aite mutongi mukuru nagavhuna wehurumende yevanhu vaNifai.

6 Uye zvakaitika kuti Pakumenai paakaona kuti atadza kuwana chigaro chekutonga, akabatana nezwi revanhu.

7 Asi tarisai, Paanikai, neboka revanhu vaidza kuti ave gavhuna wavo, akashatirwa zvikuru; naizvozvo, akanga ave kuda kuti akwezve vanhu ivavo kuti vapandukire hama dzavo.

8 Uye zvakaitika kuti paakanga ave kuda kuita izvi, tarisai, akabva atorwa, uye akatongwa maererano nezwi revanhu, akabva atongerwa kufa; nokuti akanga amutsa chimurenga uye ndokutsvaka kuparadza “rusununguko rwevanhu.

9 Zvino vanhu avo vaidza kuti aitwe gavhuna wavo pavakaona kuti atongerwa kufa, naizvozvo vakashatirwa, uye tarisai, vakatumira mumwe ainzi Kishikumeni, kana kuchigaro chekutonga chaPahorani, akasvikoponda Pahorani agere pachigaro chekutonga.

10 Uye akateverwa nevaranda vaPahorani; asi tarisai, Kishikumeni aimhanya zvekuti hakuna munhu aikwanisa kumubata.

11 Uye akaenda kune avo vakanga vamutuma, uye vose

vakaita chibvumirano, hongu, vachipika neMusiki wavo asingaperi, kuti hapana wavanotaurira kuti Kishikumeni aponda Pahorani.

12 Naizvozvo, Kishikumeni akanga asingazivikanwe muvanhu vaNifai, nokuti akanga akavanza uso hwake panguva yaakaponda Pahorani. Uye Kishikumeni neboka rake, vakanga vabvumirana naye, vakapinda mukati mevanhu, zvekuti vose hakuna akawanikwa; asi vose vakawanikwa vakatongerwa “kufa.

13 Uye zvino tarisai, Pakumenai akaitwa kuti ave mutongi mukuru nagavhuna pamusoro pavanhu, maererano nezwi revanhu, kuti atonge panzvimbo yemukoma wake Pahorani; uye zvainge zvirivakafanira kuti anzarwo. Uye zvose izvi zvakaitwa mugore rechimakumi mana rekutonga kwevatongi; uye rakange riine magumo.

14 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nerimwechete revatongi, maRamani akanga aunganidza pamwechete mauto akawanda zvisingavereungeke, uye ndokuvapa minondo, nezvipanga neuta, nemiseve, nezvidzitiro zvemumisoro, nezvidzitiro zvepazvipfuva, nenhoo dzakasiyana-siyana dzemarudzi ose.

15 Uye vakauya zvakare kuti vaedze kurwa nemaNifai. Uye vaitungamirwa nemurume ainzi Korianduma; uye akanga

ari wechizvarwa chaZarahemura; uye akanga ari mupanduki akabva kumaNifai; uye aive rume hombe uye rine simba guru.

16 Naizvozvo, mambo wamaRamani, zita rake ainzi Tubharoti, aive mwanakomana wa “Amoroni, achifunga sezvo Korianduma, riri rume rine simba guru, aikwanisa kurwisana nemaNifai, nesimba nokuchenjera kwakewo, zvekuti nokumutumira kwake aifanira kukurira maNifai—

17 Naizvozvo akavamutsa kuti vashatirwe, uye akaunganidza mauto ake, uye akaisa Korianduma kuti ave mutungamiri wavo, uye akaita kuti vaende kunyika yeZarahemura kunorwa nemaNifai.

18 Uye zvakaitika kuti pamusana pekupesana nekuoma kwezvinhu muhurumende, vakanga vasina vatariri vakakwana munyika yeZarahemura; nokuti vaifunga kuti maRamani anotyika kupinda pakati penyika yavo kuti vazorwisa guta guru reZarahemura.

19 Asi zvakaitika kuti Korianduma akafamba ari pamberi pemauto ake akawanda, uye akasvika pavagari veguta, uye kufamba kwavo vaifamba vachikurumidza zvekuti maNifai akashaya nguva yekuunganidza mauto avo.

20 Naizvozvo Korianduma akasvikouraya vose vakanga vakachengeta paipindwa napo muguta, uye akafora nemauto

ake ose achipinda muguta, uye vakauraya vose vaiedza kuva-rwisa, zvekuti vakatora guta rose.

21 Uye zvakaitika kuti Pakumenai, akanga ari mutongi mukuru, akatiza Korianduma, kana kusvika kuchidziro cheguta. Uye zvakaitika kuti Korianduma akamubaira pachidziro, zvekuti akafa. Uye ndiko kupera kwakaita mazuva aPakumenai.

22 Uye zvino Korianduma zva-akaona kuti akanga atora guta reZarahemura, uye akaona kuti maNifai amutiza, uye vakauraiwa, uye vakatorwa, uye vakaiswa mutirongo, uye akaona kuti akanga atora nzvimbo yakasimba kupfuura dzimwe dzose munyika yose, mwoyo wake wakatora kusatya zvekuti akanga oda kuti achirwisa nyika yose.

23 Uye zvino haana kugara munyika yeZarahemura, asi akafora nemaoto akawanda, akanga kuguta reMaguta; nokuti akanga azvipira kuti aende anovhura nzira yake nemunondo, kuti atore matunhu eku-chamhembe kwenyika.

24 Uye, achifunga kuti simbaravo guru riri pakati penyika, naizvozvo akaenda, achivashaisa nguva yekuti vaungane pamwechete kunze kwezvikiwata zvidiki; uye netsika iyi vakavasvikira uye vakavatsikirira muvhu.

25 Asi tarisai, kufamba kwaKorianduma uku nepakati penyika kwakayamura Moronaiha zvikuru, kana dai zvazvo vaka-

nga vauraiwa vemaNifai vakanga vakawanda zvikuru.

26 Nokuti tarisai, Moronaiha aifunga kuti maRamani anotyakupinda pakati penyika, asi kuti vangangorwisa maguta ekunze ari kumiganhu sezvavaichiita; naizvozvo Moronaiha akanga aita kuti mauto avo akasimba achengete idzo nzvimbo dziri kumiganhu.

27 Asi tarisai, maRamani havana kutya sezvaaida iye, asi vakanga vauya pakati penyika, uye vakanga vatora guta remuzinda raive guta reZarahemura, uye vakanga vave kufora nemunzvimbo huru dzenyika, vachiraya vanhu zvakaipa, varume, vakadzi nevana, vachitora maguta akawanda nenzvimbo dzakasimba.

28 Asi Moronaiha zvaakaona izvi, pakarepo akatumira Rihai nemaoto nenzira yekudimbudzira kuti avadimbudzire vasati vasvika kunyika yeMaguta.

29 Uye ndizvo zvaakaita; uye akavadimbudzira vasati vasvika kunyika yeMaguta, uye akavarwisa, zvekuti vakatanga kudududza vachidzokera kunyika yeZarahemura.

30 Uye zvakaitika kuti Moronaiha akavagashira mukudududza kwavo, uye akavarwisa, zvekuti yakave hondo yakaita ropa rakanyanya; hongu, vazhinji vakauraiwa, uye mukati meavo vakauraiwa “Korianduma akawanikwa arimo.

31 Uye zvino, tarisai, maRamani akange asisakwanise kutizira

uku kana uko, kana kuchamhembe, kana kumaodzanyemba, kana kumabvazuva, kana kumadokero, nokuti vakanga vakombwa mativi ose nemaNifai.

32 Uye saka Korianduma akanga aisa maRamani pakati pemaNifai, zvekuti vakanga vave mumaoko emaNifai, uye iye pachake akauraiwa, uye maRamani akazviisa mumaoko emaNifai.

33 Uye zvakaitika kuti Moronaiha akatora guta reZarahe-mura zvakare, uye akaita kuti maRamani akanga atorwa sevungwa vabude munyika nerunyararo.

34 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi mana nerimwechete rekutonga kwevatongi.

CHITSAUKO 2

Hiramani, mwanakomana waHiramani, anove mutongi mukuru —Gadhiandoni anotungamira chikwata cha Kishikumeni—Muranda waHiramani anouraya Kishikumeni, uye chikwata chaGadhiandoni chinotizira murenje. Zvingangove makore 50 kusvika ku49 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nemaviri rekutonga kwevatongi, mushure mekunge Moronaiha adzikazve runyararo pakati pemaNifai nemaRamani, tarisai pakanga pasina wekuisa pachigaro chekutonga; naizvozvo pakatanga kuve nekunetsana zvakare pa-

kuti pevanhu nezvekuti ndiani angaiswe pachigaro chekutonga.

2 Uye zvakaitika kuti Hiramani, akanga ari mwanakomana waHiramani, akaiswa kuti atore chigaro chekutonga, nezwi revanhu.

3 Asi tarisai, “Kishikumeni, akanga aponda Pahorani, akahwandira Hiramani kuti amuparadzewo; uye akanga akatsigirwa nechikwata chake chakanga cha-ita chibvumirano kuti hakuna anofanira kuziva utsinye hwake.

4 Nokuti kwaive nemumwe “Gadhiandoni akanga ari nyanzvi nemazwi akawanda, uye nekungwara kwake, kuti aite basa rakavandika iri, rekuponda nerokupamba; naizvozvo akave mutungamiri wechikwata chaKishikumeni.

5 Naizvozvo akavanyengedza, uye naKishikumeniwo, kuti vakamuisa muchigaro chekutonga aizoita kuti avo vari muchikwata chake vaiswe munzvimbo dzesimba nemvumo mukati mevvanhu; naizvozvo Kishikumeni akatsvaka kuparadza Hiramani.

6 Uye zvakaitika kuti zvakanga achienda nechekuchigaro chekutonga kuti aparadze Hiramani, tarisai, mumwe wevaranda vaHiramani, akange ari panze usiku, uye aziva nokuzvivanza, ruzivo rweurongwa hwechikwata ichi kuti vaparadze Hiramani —

7 Uye zvakaitika kuti akasangana naKishikumeni, ndokubva amupa chiratidzo, naizvozvo Kishikumeni akamuita kuti

azive chinangwa chezvaaida, achimukumbira kuti amutungamirire kuchigaro chekutonga kuti aponde Hiramani.

8 Uye muranda waHiramani paakanga aziva zvakanga zviri mumwoyo maKishikumeni zvose, uye kuti chinangwa chake chaive chekuponda, nokutiwo ndicho chaive chinangwa cheavo vaive vechikwata chake, nokubvuta, nekuwana simba, (uye ichi ndicho chakange chiri chirongwawa chavo “muruvande, nerangano yavo) muranda waHiramani akati kuna Kishikumeni: Handei kuchigaro chekutonga.

9 Zvino izvi zvakafadza Kishikumeni zvikuru, nokuti akafunga kuti achaita zvaakaronga; asi tarisai, muranda waHiramani, zvavakanga vachienda kuchigaro chekutonga, akabaya Kishikumeni nepamwoyo chapiro, akabva awira pasi asina kana kugomera. Uye ndokubva amhanya kunotaurira Hiramani zvose zvinhu zvaakanga aona uye anzwa, nezvaakanga aita.

10 Uye zvakaitika kuti Hiramani akatuma varindi kuti vanobata chikwata chemakororo nemhondi dzemuchivande, kuti vagouraiwa maererano nemutemo.

11 Asi tarisai, Gadhiandoni paakaona kuti Kishikumeni hana kunge adzoka akatya kuti zvimwe aparadzwa; naizvozvo akaita kuti chikwata chake chimutevere. Uye vakatiza vachibva munyika, nenzira yakavandika, vachienda murenje;

uye saka Hiramani paakatumba kuti vanotorwa hapana kwavakanga vachawanikwa.

12 Uye zvizhinji nezvaGadhiandoni uyu zvichataurwa nezvazvo mushure. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi mana nemaviri rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

13 Uye tarisai, mukupera kwebhuku rino muchaona kuti “Gadhiandoni uyu akave mupunzi, hongu, kupotsa ave anoparadza zvachose vanhu vaNifai.

14 Tarisai handizi kureva kupera kwebhuku raHiramani, asi ndiri kureva kupera kwebhuku raNifai, umo mandatora zvose zvandanyora.

CHITSAUKO 3

MaNifai mazhinji anotamira kunyika iri kuchamhembe—Vanovaaka dzimba dzosemende uye vachibva vachengeta zvinyorwa—Makumi ezviuru vanopinduka uye vachibhabhatidzwa—Shoko raMwari rinotungamira vanhu kuruponeso—Nifai mwanakomana waHiramani anotora chigaro chekutonga. Zvingangove makore 49 kusvika ku39 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nematatu ekutonga kwevatongi, pakanga pasina kupesana pakati pevanhu vaNifai kunze kwekakuzvida kaive muchechi, kwakakonzera kuti vamwe vapanduke mukati mevanhu, nyaya idzi dziri dzakagadziriswa

mukupera kwegore rechimakore makumi mana nematatu.

2 Uye pakanga pasina kupešana kwevanhu mugore rechimakumi mana nemana; kana mugore rechimakumi mana nemashanu makanga musina kupesana kwakanyanya.

3 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nematanhatu, hongu, kwakange kuine kupesana nekupanduka kwakanyanya; nokudaro kwakaita kuti vazhinji kwazvo vabve munyika yeZarahemura, uye vachienda kunyika “yekuchamhembe kunodya nhaka yenyika.

4 Uye vakafamba chinhabwe chikuru kwazvo, zvekuti vaka svika kwaive nemvura “yaka wanda nehova zhinji.

5 Hongu, uye kana naivo vakapararira kumativi ose enyika iyi, kumatunhu ose akanga asina kuitwa gwenga nekushaya miti, pamusana pevanhu vazhinji vakambogaramo kare.

6 Uye zvino hakuna dunhu renyika iyi rakanga riri gwenga, kunze kwekushaikwa kwemiti; asi nenzira “yekuparadza kukuru kwakanga kwaitwa nevanhu vakambogaramo munyika iyi yakanga yave kudaidzwa kunzi ^bgwenga.

7 Uye sezvo kwakanga kuine miti mishoma-shoma munyika umu, zvakadaro vanhu vakandako vakave nyanzvi huru dzekugadzira semende; saka vakavaka dzimba dzosemende, idzo dzavaigara.

8 Uye zvakaitika kuti vakawanda vakapararira, uye vakabva munyika yekumaodzanyemba vakaenda kunyika yekuchamhembe, vakapararira zvekuti vakatanga kuzadza pasi pose, kubvira kugungwa rekumaodzanyemba kusvika kugungwa rekuchamhembe, kubvira kugungwa “rekumadokero kusvika kugungwa rekumabvazuva.

9 Uye vanhu vakanga vari munyika yekuchamhembe vaigara mumatende, nemudzimba dzesemende, uye vaibvumira kose kamuti kanenge kamera kuti kakure, kuti nekufamba kwenguva vagozowana mapango ekuvakisa dzimba dzavo; hongu, maguta avo, netemberi dzavo, nemasinagogo avo, nenzvimbo dzekunamatira, nemarudzi akasiyana-siyana edzimba.

10 Uye zvakaitika kuti miti yakanga iri mishoma chaizvo kunyika yekuchamhembe, uye vaitotumira mapango akawanda “nengarava.

11 Uye ndiko kuyamura kwavakaita vanhu vaive mumatunhu ekuchamhembe kuti vakwanise kuvaka maguta akawanda, emapango nesemende.

12 Uye zvakaitika kuti kune “vanhu vazhinji vekwaAmoni vakanga vakazvarwa vari ma-Ramani, vakaendawo kunyika iyi.

13 Uye zvine kune zvinyorwa zvizhinji zvakachengetwa zvekafambiro kevanhu ava, zvachengetwa nevazhinji vevanhu

3 3a Aruma 63:4.
4a Mosaya 8:8;
Morm. 6:4.

6a Mosaya 21:25-27.
b Aruma 22:31.
8a Aruma 22:27, 32.

10a Aruma 63:5-8.
12a Aruma 27:21-26.

ava, uye zvinonyatsotsanangura uye zvakakura, maererano nevanhu ava.

14 Asi tarisai, kadimbu kadikidiki kemafambiro evanhu ava, hongu, rungungu rwemaRamani nerwemaNifai, nehondo dzavo, nekunetsana kwavo, nekupandukirana, nekuparidza kwavo, nehuporofita hwavo, nezvengarava dzavo, nekuvaka kwavo ngarava, nokuvaka kwavo “matemberi, nemasinagogo nezvimbo dzavo dzekunamati- ra, nekukurama kwavo, neuipi hwavo, uye kuponda kwavo, uye kupamba kwavo, uye kupaza kwavo, nemarudzi ose ekuipa neufeve, hazvikwane kunyorwa mubasa rino.

15 Asi tarisai, kune mabhuku akawanda nezvinyorwa zvakawanda zveмарудзи akasiyana siyana, uye zvachengengetwa kunyanya nemaNifai.

16 Uye “zvakagashidzwa kubva kuchizvarwa zvichienda kune chimwe chizvarwa nemaNifai, kana zvavainge vawira mukutadza uye vachiponda, vachipazwa, uye vachivhimwa, uye vachitinhwa, uye vachiu- raiwa, uye vachipararira pamu- sororo penyika, uye vakasangana nemaRamani kudakara ^bvasi- sadaidzwe kuti maNifai, vave neuipi, uye vave kupenga, uye vave magandanga, hongu, kana kutove maRamani.

17 Uye zvino ndave kudzoke- ra zvakare kurungano rwangu;

naizvozvo, zvandataura zvaka- nga zvaitika mushure mekunge maita kupesana kukuru, nemhe- re-mhere; nehondo, nekupandu- ka, mukati mevanhu vaNifai.

18 Gore rechimakumi mana nematanhatu rekutonga kweva- tongi rakapera;

19 Uye zvakaitika kuti kwaka- nge kuchine kupesana kukuru mukati menyika, hongu, kana mugore rechimakumi mana ne- manomwe, uyewo nemugore rechimakumi mana nemasere.

20 Zvisinei Hiramani akagara pachigaro chekutonga nokuru- rama nekuenzanisa, hongu, aicherechedza kuchengeta zvi- sungo, nezvirango, nemirairo yaMwari; uye aiita izvo zvaka- naka mumaziso aMwari nguva dzose; uye aifamba nenzira dzababa vake, zvekuti akabu- dirira munyika.

21 Uye zvakaitika kuti akave nevanakomana vaviri. Akapa kumukuru zita rekuti “Nifai, uye kumudiki, zita rekuti ^bRihai. Uye vakatanga kukura vari muna Ishe.

22 Uye zvakaitika kuti hondo nokupesana zvakatanga kupera, zvishomanani, pakati pevanhu vaNifai, mukupera kwegore rechimakumi mana nemasere rekutongwa kwemaNifai ne- vatongi.

23 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi mana nemapfu- mbamwe ekutonga kwevatongi, munyika makadzikwa runyararo

14a 2 Ni. 5:16;
Jak. 1:17;
3 Ni. 11:1.
16a 1 Ni. 5:16–19;

Aruma 37:4.
^b Aruma 45:12–14.
21a NKM Nifai,
Mwanakomana

waHiramani.
^b NKM Rihai, muNifai
aive Mushimiri.

rwunoyenderera, kwose kunze kwezwikwata zvemuruvande zvakaiswa negororo “Gadhia-ndoni munzvimbo dzakange dzigerwe dzenyika, panguva idzodzo dzakanga dzisingazivikanwe nevakuru vehurumende; saka havana kukwanisa kuzviparadza munyika.

24 Uye zvakaitika kuti mugore irori muchechi makave nokubudirira kukuru, zvekuti kwakave nezviuru zvakapinda chechi uye vakabhabhatidzwa mukutendeuka.

25 Uye chechi yakabudirira zvikuru zvekuti, kwakave nemaropafadzo mazhinji akadirwa vanhu, zvekuti kana vapirisita vepamusoro nevadzidzisi naivo vakashamiswa zvikuru.

26 Uye zvakaitika kuti basa raIshe rakabudirira zvekuti kwakabhabhatidzwa uye kubatidzwa muchechi yaMwari, mweya mizhinji, hongu, kana makumi ezviuru.

27 Saka tinoona kuti Ishe vane tsitsi kune vose vanoda, nemwoyo yavo yose, kudaidza zita ravo dzvene.

28 Hongu, saka tinoona kuti ^amusiwo wekudenga wakazururirwa ^bvose, kana kune avo vanotenda muzita raJesusu Kristu, anove mwanakomana waMwari.

29 Hongu, tinoona kuti ani zvake anoda anogona kubatirira ^apashoko raMwari, ^bbenyu uye rine simba, richapatsanura kunyengedza kwose nezvikachi-

kiro, nemisungo nezano rakaipa radhiabhorosi, nokutungamira munhu waKristu munzira yakamanikana “uye yakamanika inoyambuka ^agomba rekusuwa kusingaperi rakagadzirirwa kumedza vane uipi—

30 Uye zvichiisa mweya yavo, hongu, mweya yavo isingafe, kuruoko ^arwerudyi rwaMwari muumambo hwekudenga, kuti vagare pasi naAbrahamu, naIsaka, naJakobo, madzibaba edu matsvene ose, vasingazobuda zvakare.

31 Uye mugore iri kwakava nokupembera kwaienderera munyika yeZarahemura, nemumatunhu ose akatenderedza, kana nemunyika dzose dzaigirwa nemaNifai.

32 Uye zvakaitika kuti kwakave nerunyararo nokufara kukuru muchidimbu chakanga chasara chegore rechimakumi mana nemapfumbamwe; hongu, uye maigara muine runyararo nomufaro mukuru mugore rechimakumi mashanu ekutonga kwevatongi.

33 Uye mugore rechimakumi mashanu nerimwechete rekutonga kwevatongi kwaive nerunyararowo, kunze kwekudada kwakatanga kupinda muchechi—kwete muchechi yaMwari, asi mumwoyo yevanhu vaizviti ndevechечи yaMwari—

34 Uye vakazvikudza ^aneku-dada, kana nokunetsa hama dzavo. Zvino ichi chaive chinhu

23a Hir. 2:4.
28a 2 Ni. 31:9, 17.
b Mabasa 10:28;
VaR. 2:10–11.

29a NKM Shoko raMwari.
b VaH. 4:12;
D&Z 11:2.
c 2 Ni. 9:41; 33:9.

d 1 Ni. 15:28–30.
30a Mat. 25:33–34.
34a NKM Kudada.

chakaipa chaizvo, chakaita kuti vaye vanhu vakanga vakapfava vaone nhamo yekunetswa kukuru, uye vapinde mukati mekurwadziswa kukuru.

35 Zvisinei ^avaitsanya ^bnekunamata nguva nenguva, vakasimba uye zvishoma nezvishoma ^cmukuzvirereka kwavo, nokubata zvakasimba murutendo rwavo muna Kristu, mukuzadzwa kwemweya yavo nemufaro nokunyaradzwa, hongu, kana ^dnokuchenesa nokuita kuti mwoyo yavo ive ^emitsvene, ukwu kuitwa vatsvene pamusana ^fpekupa mwoyo yavo kuna Mwari.

36 Uye zvakaitika kuti gore rechimakumi mashanu nemaviri rakapera murunyararo nairowo, kunze kwekudada kukuru kwakanga kwapinda mumwoyo yevanhu; uye zvakanga zviripamusana ^apeupfumi hwavo ukuru nokubudirira kwavo munyika; uye zvaikura mavari zuva nezuva.

37 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi mashanu nematatu rekutonga kwevatongi, Hiramani akafa, uye mwana komana wake mukuru Nifai akatanga kutonga munzvimbo yake. Uye zvakaita kuti akatora chigaro chekutonga nekururama nekuenzanisa; hongu, aichengeta mirairo yaMwari, uye akafamba munzira dzababavake.

CHITSAUKO 4

Vapanduki vevanhu vaNifai vanobatana nemaRamani uye vobva vatora nyika yeZarahemura — MaNifai anokurirwa pamusana peuipi hwavo — Chechi inovwe diki, uye vanhu vanorenda semaRamani. Zvingangove makore 38 kusvika ku30 Kristu asati azwarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore rechimakumi mashanu nemana kwakaita kuti vazhinji vasiye chechi, uye kwaivewo ^anekupešana mukati mevanhu, zvekuti kwakave nekudeuka kweroparakawanda.

2 Uye avo vakanga vapanduka vakauraiwa uye vakatandaniwa munyika, uye vakaenda kuna mambo wemaRamani.

3 Uye zvakaitika kuti vakaedza kufurira maRamani kuti varwisane nemaNifai; asi tarisai, maRamani aitya zvikuru, zvekuti havana kuteerera mazwi eavo vapanduki.

4 Asi zvakaitika kuti mugore rechimakumi mashanu nematanhatu rekutonga kwevatongi, kwaive ^anevapanduki vakabva kumaNifai vachienda kumaRamani; uye vakabudirira nevamwe vaya kupesvera kuti vashatirirwe maNifai; uye vakaunga, vapedza gore rose iroro, vachigadzirira hondo.

5 Uye mugore rechimakumi nemanomwe vakauya kuzorwa

35a NKM Kutsanya.
b NKM Munamoto.
c NKM Akazvinipisa.
d NKM Chakachena.

e NKM Kutsveneswa.
f II Mak. 30:8;
Mosaya 3:19.
36a NKM Upfumi.

4 1a 3 Ni. 11:29.
4a Hir. 5:17.

nemaNifai, uye vakatangisa basa rekuuraya; hongu, zvekuti mugore rechimakumi mashanu nemasere rekutonga kwevatongi vakabudirira mukutora nyika ye Zarahemura; hongu, nematunhuwo ose, kana nyika yaive pedyo nenyika yeMaguta.

6 Uye maNifai nemauto aMoronaiha akatandaniswa kana kusvika munyika yeMaguta.

7 Uye ikoko vakazvidzivirira kuti maRamani asasvike kwavari, kubvira kugungwa rekumadokero, kana kusvika kumabvazuva; zviriro zvaitorera muNifai zuva rimwechete kufamba, mumutsara wavakanga vavakirira uye vakaisa mauto avo kuti varwire nyika yavo yekuchamhembe.

8 Uye saka avo vapanduki vemaNifai, vachiyamurwa nemauto asingaverengeke emaRamani, vakanga vatora zvose zvaive zvemaNifai zvaive munyika yaive kumaodzanyemba. Uye zvose izvi zvakaitwa mugore rechimakumi mashanu nemasere nerepfumbamwe rekutonga kwevatongi.

9 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu rekutonga kwevatongi, Moronaiha akakwanisa nemauto ake kutora matunhu mazhinji enyika; hongu, vakatora zvakare maguta mazhinji akanga awira mumako emaRamani.

10 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu nerimwechete rekutonga kwevatongi

ngi vakakwanisa kutora zvakare kana chikamu chepakati chezvinhu zvavo zvose.

11 Zvino kurasikirwa kukuru uku kwemaNifai, nokuurayana kwakaipa kwaive pakati pavo, kungadai kusina kuitika dai kusiri kuipa kwavo noruvengo rwavo rwaive mukati mavo; hongu, uye zvaive pakati peavo vaizviti ndevechechi yaMwari.

12 Uye zvaive pamusana “pekudada kwemwoyo yavo, pamusana ^bpeupfumi hwavo hwakanyanya, hongu, zvaive pamusana peudzvanyiriri hwavo ^ckuvarombo, vachinyima kudya kwavo vane nzara, vachinyima nhumbi dzavo kune vasina kusimira, uye vachirova nembama matama ehama dzavo, vachiseka icho chinoera, vachiramba mweya wekuporofita newekuzururirwa, vachiponda, kupaza, kunyepa, kuba, kupomba, kumukirana mukurwa kukuru, uye kutizira munyika yaNifai, mukati memaRamani—

13 Uye pamusana peupi hwavo uhwu hukuru, uye “nokuzvitutumadza nesimba ravo, vakaasiwa musimba ravo; naizvozvo havana kubudirira, asi vakatambudzwa vakarohwa, uye vakatinhwa pamberi pemaRamani, kudakara vange vacharasikirwa nenyika dzavo dzose.

14 Asi tarisai, Moronaiha akaparidza zvinhu zvizhinji kuvanhu pamusana pekuipa kwavo, “naNifai naRihaiwo, vakanga vari vanakomana vaHiramani,

12a Obad. 1:3-4;
D&Z 101:42.

b 1 Tim. 6:17; 2 Ni. 9:42.
c D&Z 42:30-31.

13a NKM Kudada.
14a Hir. 3:21.

vakaparidza zvinhu zvizhinji kuvanhu, hongu, uye vakaporofita zvinhu zvizhinji kwavari maererano nekuipa kwavo, nezvichaitika kwavari kana vasina kutendeuka muzvitema zvavo.

15 Uye zvakaitika kuti vakatendeuka, uye mukutendeuka kwavaiita vakatanga kubudirira.

16 Nokuti Moronaiha paakao-na kuti vave kutendeuka akaedza kuvatungamira kunzvimbo nenzvimbo, uye kuguta neguta, kana kusvika vatora chikamu chepakati chepfuma yavo nechikamu chepakati chematunhu avo ose.

17 Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechimakumi matanhatu nerimwechete rekutonga kwevatongi.

18 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu nemaviri ekutonga kwevatongi, kuti Moronaiha akanga asisagone kuwana zvimwe zvinhu kumaRamani.

19 Naizvozvo vakabva varegere pfungwa dzavo dzekuti vatore matunhu akanga asara, nokuti maRamani akanga akawanda zvekuti zvakanga zvaoma kuti maNifai vavakurire; naizvozvo Moronaiha akaisa mauto ake ose mubasa rekuchengeta idzo nzvimbo dzaakanga atora.

20 Uye zvakaitika kuti, pamusana peuwandu hwemaRamani maNifai akapindwa nekutya kukuru, kuti vangangokurirwa,

uye vakatsikwa-tsikwa, uye vakauraiwa, uye vakaparadzwa.

21 Hongu, vakatanga kurangarira zviporofita zvaAruma, nemazwiwo aMosaya; uye vakaona kuti vakanga vakaomesa mitsipa, nokuti vakanga vazvirdza mirairo yaMwari;

22 Uye nokuti vakanga vapindura uye vatsikirira pasi petso-ka dzavo “mitemo yaMosaya, kana kuti iyo yaakanzi naIshe ape kuvanhu; uye vakaona kuti mitemo yavo yakanga yaora, nokuti ivo vakange vave vanhu vave nehuipi, zvekuti vakanga vane huipi kunyange semaRamani.

23 Uye pamusana pekuipa kwavo, chechi yakange yatanga “kuderera; uye vakatanga kusatenda mweya wehuporofita nemumweya wezvazarurwa; uye kutonga kwaMwari kunovadongorera kumeso.

24 Uye vakaona kuti “havasina simba, sehama dzavo, maRamani, nokutiwo Mweya waIshe wakanga usisavachengetedze; hongu, wakanga wabva kwavari nokuti ^bMweya waIshe haugare mutemberi ^cdzisiri tsvene—

25 Naizvozvo Ishe vakarega kuvachengetedza nemasimba avo anoshamisa asina mumwe anawo, nokuti vakanga vawira mukati “mekusatenda nehuipi hwakaipa; uye vakaona kuti maRamani akanga akawanda zvikuru kupfuura ivo, uye

22a Aruma 1:1.

23a NKM Kurasika Pachitendero.

24a Mosaya 1:13.

b NKM Mweya Mutsvene.

c Mosaya 2:37;

Aruma 7:21; 34:36.
25a NKM Kusadaira.

kunze kwekunge ^bvanamatira kuna Ishe Mwari vavo vanofanira kufa zvisingadziviririke.

26 Nokuti tarisai, vakaona kuti simba remaRamani rakangoita sesimba ravo, kana kumunhu nemunhu. Uye ndiko kusaka vawira mukutadza kukuru uku; hongu, saka vakanga vasisina simba, pamusana pekutadza kwavo; mukati memakore ^ama-shomanani.

CHITSAUKO 5

Nifai naRihai vanoisa nguva yavo yose mukuparidza—Mazita avo anoita kuti vaite upenyu kuti hufanane nemadzitateguru avo—Kristu anonunura avo vanotendeuka—Nifai naRihai vanopindutsa vazhinji uye vanoiswa mutirongo, uye vanokomberedzwa nemoto—Gore rerima rinofugidza mazana matatu evanhu—Nyika inondendemera, uye izwi rinoudza vanhu kuti vatendeuke—Nifai naRihai vanotaura nengirozi, uye mhomho inokomberedzwa nemoto. Zvingangove makore 30 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore iro-ri, tarisai, ^aNifai akapa chigaro chekutonga kumurume ainzi Sizoramu.

2 Nokuti sezvo mitemo yavo nehurumende dzavo dzaiiswa ^anezwi revanhu, uye avo ^bvaisarudza zvakaipa vakanga vakawanda kupfuura avo vaisarudza zvakanaka, naizvozvo vakanga

voibvira kuparadzwa, nokuti mitemo yakanga yaipiswa.

3 Hongu, uye izvi hazvisizvo zvose; vakanga vari vanhu vakaomesa mitsipa, zvekuti vakanga vasisatongeke nemutemo kana nekururama, kunze kwekunge zvirira zvekuzviparadza.

4 Uye zvakaitika kuti Nifai akanga aneta pamusana pekutadza kwavo; uye akabva ^aaregera chigaro chekutonga, uye akazvipira kuti aparidze shoko raMwari mazuva ose eupenyu hwake, nemunin'ina wake Rihai naiyewo, mazuva ake ose;

5 Nokuti vairangarira mazwi akataurwa nababa wavo Hiramani kwavari. Uye aya ndiwo mazwi aakatura:

6 Tarisai, vanakomana vangu, ndinoda kuti murangarire kuchengeta mirairo yaMwari; uye ndinoda kuti mutaurire vanhu aya mazwi. Tarisai, ndakakupai mazita ^aevabereki vedu vekutanga vakabva kunyika yeJerusarema; izvi ndazviita kuti pamunofunga mazita enyu munobva mavafungawo; kana mavafunga munobva marangarira mabasa avo; uye kana marangarira mabasa avo munozoziva zviye zvinonzi, uye zvakanyorwawo, kuti vakanga ^bvakanaka.

7 Naizvozvo, vanakomana vangu, ndinoda kuti dai maita zvakanaka, kuti zvigonzi nezvenyu, nokunyorwawo, kana sekutaurwa nekunyorwa kwa-zvakaitwa nezvavo.

25b Jak. 6:5.

26a Aruma 46:8;
Hir. 12:3-4.

5 1a Hir. 3:37.

2a Mosaya 29:25-27.

b Aruma 10:19.

4a Aruma 4:15-20.

6a 1 Ni. 1:1, 5.

b 2 Ni. 33.

8 Uye zvino vanakomana vangu, tarisai ndine zvimwe zvandinoda kwamuri, zvandinoda zviriri izvi, kuti musaite zvinhu izvi kuti mugozozvikudza nazvo, asi kuti muite izvi zvinhu kuzvigadzirira “pfuma kudenga, hongu, yokusingaperi, uye isisingapume; hongu, kuti muwane chiye chipo ^bchinokosha cheupenyu hwokusingapere, uhwo hwatiine chikonzero chekufunga kuti hwakapiwa madzibaba edu.

9 Imi rangarirai, rangarirai, vanakomana vangu, “mazwi akataurwa namambo Benjamini kuvanhu vake; hongu, rangarirai hakuna imwe nzira kana zvimwe zvingaitwe kuti munhu aponeswe, chete ^bnekudzikinura kweropa raJesu Kristu, achauya; hongu, rangarirai kuti anouya “kuzonunura “nyika.

10 Uye rangariraiwo “mazwi akataurwa naAmureki kuna Ziziromu, muguta reAmonaiha; nokuti akati kwaari Ishe chokwadi vachauya kuzonunura vanhu vavo, asi kuti havazouya kuzovanunura vari muzvitema zvavo, asi kuzovanunura kubva muzvitema zvavo.

11 Uye ane simba raakapiwa naBaba rekuvanunura kubva muzvitema zvavo pamusana pekutendeuka; saka “akatumira ngirozi dzake kuti dzizotaura nyaya yezvinodiwa pakutendeuka, zvinounza simba reMunu-

nuri, mukuponeswa kwemweya yavo.

12 Uye zvino, vanakomana vangu, rangarirai, rangarirai kuti “padombo reMununuri wedu, anove ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari, pamakafanira kuvakira ^bhwaro hwenyu; kuti kana dhiabhorosi otumira mhelo dzake huru, hongu, miseve yake muchinyamupupuri, hongu, kana chivhuramahwe chake “nedutu rine simba zvichakurovai, zvichashaya simba pamuri rekukukweverai muhanwa yekusuwa nenhamo isina magumo, pamusana pedombo pamakavakirwa, rinove hwaro hwakasimba, hwaro hwekuti kana vanhu vavaka hakuna kupunzika.

13 Uye zvakaite kuti aya ndiwo mazwi “akadzidziswa naHiramani kuvanakomana vake; hongu, akavadzidzisa zvinhu zvizhinji zvisina kunyorwa, nezvimwewo zvizhinji zvakanyorwa.

14 Uye vakarangarira mazwi ake; uye naizvozvo vakaenda, vachichengeta mirairo ya Mwari, kunodzidzisa shoko raMwari muvanhu vose vaNifai, kutangira kuguta reMaguta;

15 Uye kubva ipapo vakaenda kuguta raGidhi; uye kubva muguta raGidhi kuguta reMureki;

16 Kana kubva kune iri guta vachienda kune iro, dakara vaenda kuvanhu vose vaNifai

8a 3 Ni. 13:19–21.

b D&Z 14:7.

9a Mosaya 2:9.

b Mosaya 3:17–18.

NKM Dzikinura.

c NKM Akanunura.

d NKM Nyika—Vanhu vasingateerere mitemo.

10a Aruma 11:34.

11a Aruma 13:24–25.

12a Mat. 7:24–27;

D&Z 6:34; Mos. 7:53.

NKM Dombo renheyo; Ibwe.

b Isa. 28:16; Jak. 4:16.

c 3 Ni. 14:25, 27.

13a Mosaya 1:4.

vakanga vari munyika neche-kumaodzanyemba; uye kubva ikoko vachibva vapinda munyika yeZarahemura, mukati memaRamani.

17 Uye zvakaitika kuti vakaparidza nesimba guru, zvekuti vakavhiringidza vaye “vapanduki vakanga vabva kumaNifai, zvekuti vakauya vakareurura zvitema zvavo uye vakabhabhatidzwa mukutendeuka, uye vachibva vadzokera kumaNifai, nokukurumidza vachiedza kugadziridza zvinhu zvavakanga vakanganisa kwavari.

18 Uye zvakaitika kuti Nifai naRihai vakaparidzira maRamani nesimba nemvumo, nokuti vaive nesimba nemvumo zvavakanga vapiwa kuti “vataure, uye zvavaitaura vaizvipiwa—

19 Naizvozvo vaitaura zvai-shamisa maRamani zvikuru, “zvekuvapwisa, zvekuti kwakaita zviuru zvisere zvemaRamani vaive munyika yeZarahemura nemamwe matunhu vakabhabhatidzwa mukutendeuka, uye vakapwiswa pamusoro pekuipa kwetsika dzamadzibaba avo.

20 Uye zvakaitika kuti Nifai naRihai vakabva apa kuti vae-nde kunyika yaNifai.

21 Uye zvakaita kuti vakatorwa nemauto emaRamani uye ndokubva vakandwa mutirongo; hongu, “mutirongo iroro rakamboiswa Amoni nevamwe vake vatatwa nevaranda vaRimuhai.

22 Uye mushure mekunge

vakandwa mutirongo kwemazuva mazhinji vasina kudya, tarisai, vakaenda kutirongo kuti vanovatora vavauraye.

23 Uye zvakaitika kuti Nifai naRihai vakanga vakakombere-dzwa sekunge “nemoto, zvekuti vakatya kuti vangaise maoko avo pavari vakatsva. Zvakadaro, Nifai naRihai vakanga vasingatsve; uye vaive vakamira pakati pemoto uye vasingatsve.

24 Uye zvavakaona kuti vakakomberedzwa “neshongwe yemoto, uye kuti wakanga usingavapise, mwoyo yavo yakavamba kushinga.

25 Nokuti vakaona kuti maRamani aitya kuisa maoko avo pavari; kana kusvika pedyo navo vaitya, asi vakamira sevanhu vakaitwa zvimumumu nokushamiswa.

26 Uye zvakaitika kuti Nifai naRihai vakamira vakatanga kutaura kwavari, vachiti: Musatye nokuti tarisai, ndiMwari vari kukuratidzai chinhu chinoshamiswa ichi, chiri kuratidzwa kwamuri kuti hamungaise maoko enyu patiri kuti mutiuraye.

27 Uye tarisai, pavakanga vataura mazwi aya, nyika yakandendemera zvinotyisa, uye nemadziro etirongo akazunguzuka kunge achakoromokera pasi; asi tarisai, haana kukoromoka. Uye tarisai, avo vakanga vari mutirongo vaive maRamani nemaNifai akapanduka.

28 Uye zvakaitika kuti vaka-

17a Hir. 4:4.

18a D&Z 100:5-8.

NKM Huporofita.

19a NKM Kupinduka;

Basa reKushumira.

21a Mosaya 7:6-7; 21:23.

23a Eks. 3:2.

24a Eks. 14:24;

1 Ni. 1:6;

D&Z 29:12;

Nh—JS 1:16.

putirwa negore “rerima, uye vakavingwa nokutya kwakaipa.

29 Uye zvakaitika kuti kwakauya “izwi raiita seriri pamusoro pegore, richiti: Tendeukai imi, tendeukai imi, uye mubva marega zvekuparadza varanda vangu avo vandakatumba kwa-muri kuti vakutaurirei mashoko akanaka.

30 Uye zvakaitika kuti pavakanzwa izwi, uye vakaona kuti harizi izwi remabanana, rakanga risiri izwi reruzha rukuru, asi tarisai, rakanga riri izwi “rakanyarara rakafanira, sekunge kazevezeve, uye raipinda kusvika kumweya chaiwo —

31 Uye kana dai izwi iri rakanga rakapfava, tarisai nyika yakandendemera zvikuru, uye madziro etirongo akazunguzuka zvakare, kunge ave kuda kukoromokera pasi; uye tarisai gore rerima, rakanga ravafukidza, harina kubva —

32 Uye tarisai izwi rakadzoka zvakare, richiti: Tendeukai imi, tendeukai imi, nokuti umambo hwekudenga hwave pedyo; uye murege kutsvaka kuparadza varanda vangu. Uye zvakaitika kuti nyika yakandendemera zvakare, uye madziro akazunguzuka.

33 Uye kechitatu izwi rakauya zvakare, uye rikataura kwavari mazwi anoshamisa asingagone kutaurwa nemunhu; uye madziro akazunguzuka zvakare, uye nyika ikandendemera sekunge ichatsemuka nepakati.

34 Uye zvakaitika kuti ma-Ramani akatadza kutiza pamusana pegore rerima rakanga rakavafukidza; hongu, uye zvakare vakanga vasisagone kufamba nokuti vakanga vave kutya.

35 Zvino pakati pavo paive nemumwe akange akazvarwa ari mu Nifai, akambenge ari wechechi yaMwari asi akanga apanduka abva kwavari.

36 Uye zvakaitika kuti akate-ndeuka, uye tarisai, akaona nemukati megore rerima zviso zvaNifai naRihai; uye tarisai, akaona “zvichipenya zvikuru, kana sezviso zvengirozi. Uye akaona kuti vakanga vakatarisa kudenga; uye vakanga vachiita sevari kutaura kana kuti vari kusimudza mazwi avo kunge vari kutaura nemumwe wavaiona.

37 Uye zvakaitika kuti uyu murume akadaidzira kumhomo yevanhu, kuti vatendeuke uye vatarise. Uye tarisai, vakapiwa simba vakakwanisa kucheka vakatarisa; uye vakaona zviso zvaNifai naRihai.

38 Uye vakati kumurume uyu: Tarisai, zvose zvinhu izvi zvinorevei, uye ndiani wavari kutaura naye vanhu ava?

39 Zvino zita remurume uyu rainzi Aminadabi. Uye Aminadabi akati kwavari: Vari kutaura nengirozi dza Mwari.

40 Uye zvakaitika kuti ma-Ramani akati kwaari: “Chii chatingaite, kuti gore rerima iri ribviswe kutifukidza kwarakaita?

41 Uye Aminadabi akati kwavari: Makafanira “kutendeuka, uye mochemera kuizwi, kana kusvika mave ^bnerutendo muna Kristu, amakadzidziswa naAruma, naAmureki, naZiziro-mu; uye kana maita izvi, gore rerima richabviswa kuti risatifugidze.

42 Uye zvakaitika kuti vose vakatanga kuchema kunezwi riya rakanga randendemesa nyika; hongu, vakachema kudakara kana gore rerima raparara.

43 Uye zvakaitika kuti zvavakatarisa-tarisa, uye vakaona kuti gore rerima rakanga rapararira risisavafukidze, tarisai vakaona kuti vakanga “vakakombere-dzwa, hongu wose munhu, nemutswi wemoto.

44 Uye Nifai naRihai vaive pakati pavo; hongu, vakanga vakakomberedzwa; hongu, va-iita seviri pakati perimi remoto, asi wakanga usingavapise, hauna kana kupisa madziro etirongo; uye vakazadzwa “nemufaro uya wakapfuuridza uye uzere nekubwinya.

45 Uye tarisai, Mweya “Mutsvene waMwari wakauya kubva kudenga, uye ukapinda mumwoyo yavo, uye vakazadzwa kunge vazadzwa nemoto, uye vakakwanisa ^bkutaura ipapo mazwi anoshamisa.

46 Uye zvakaitika kuti kwakauya izwi kwavari, hongu, izwi rinotapira, raiita sekazeve-zeve, richiti:

47 “Runyararo, runyararo kwamuri, pamusana perutendo rwenyu mune Andinodisisa, akanga aripo kubvira pakutanga kwenyika.

48 Uye zvino, zvavakanzwa izvi vakatarisa mudenga kuti zvimwe vangaone kwaibva izwi; uye tarisai, vakawona “matenga achizuruka; uye ngirozi dzikadzika kubva kudenga uye dzikavaparidzira.

49 Uye paive nemweya yaisvika mazana matatu yakanzwa nekuona zvinhu izvi; uye vaku-dzwa kuti vaende uye varege kushamiswa, havafanire kukahadzika.

50 Uye zvakaitika kuti vakae-nda, uye vakanoparidzira vanhu, vachitaura kumatunhu ose akatenderedza zvinhu zvakavanga vanzwa nezvakavanga vaona, zvekuti vazhinji vema-Ramani vakapwiswa navo, pamusana pekukura kweumbowo hwavakanga vagashira.

51 Uye vose “vazhinji vakapwiswa vakakanda pasi zvombo zva-vo zvehondo, noruvengo rwavo netsika dzamadzibaba avo.

52 Uye zvakaitika kuti vakapa kumaNifai nyika yakanga iri yavo.

CHITSAUKO 6

MaRamani akarurama anoparidzira maNifai ane uipi—Vose vanhu ava vanobudirira munguva

41a NKM Rutendeuko.

^b NKM Rutendo.

43a 3 Ni. 17:24; 19:14.

44a NKM Rufaro.

45a 3 Ni. 9:20;

Eta 12:14.

^b NKM Zvipo

zveMweya.

47a NKM Runyararo.

48a 1 Ni. 1:8.

51a Aruma 31:5.

yerunyararo nekuguta—Rusifa, munyori wechitema, anoita kuti mwoyo yevakaipa nemakororo aGadhiondoni imuke mukuponda nemuutsinye—Makororo anatora hurumende yemaNifai. Zvingango-ve makore 29 kusvika ku23 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti pakapera gore rechimakumi matanhatu nemaviri rekutonga kwevatongi, zvose zvinhu izvi zvakanga zvaitika uye maRamani, chikamu chavo chikuru, chakanga chava vanhu vakarurama, zvekuti “kururama kwavo kwakapfuura kwemaNifai, pamusana pekusimba kwavo nekutsiga kwavo murutendo rwavo.

2 Nokuti tarisai, kwakange kuine vazhinji vemaNifai vakanga “vaoma uye vasingadzoke uye vaine uipi hwakanyanya, zvekuti vakaramba shoko raMwari nekuparidza kwose uye nekuporofita kwaiuya pakati pavo.

3 Zvakadaro, vanhu vechechi vakave nemufaro mukuru pamusana pekupinduka kwemaRamani, hongu, pamusana pechechi yaMwari, yakanga yaiswa mukati mavo. Uye “vakashamwaridzana, uye vakafara pamwechete, uye vakaita mufaro mukuru.

4 Uye zvakaitika kuti vazhinji vemaRamani vakauya kunyika yeZarahemura, uye vakataurira vanhu vaNifai tsika “yekute-ndeuka kwavo, uye vakava

kuridzira kuti vave nerutendo nokutendeuka.

5 Hongu, uye vazhinji vavo vakaparidza nesimba guru kwazvo nemvumo, kusvika vazhinji vavo vaburuka kusvika muudzamu hwekupfava, kuti vave vakapfava vateveri vaMwari neGwayana.

6 Uye zvakaitika kuti vazhinji vemaRamani vakaenda vakanopinda munyika yechechamhembe; uye kana Nifai naRihai vakaenda vakapindawo “munyika iri kuchamhembe, kunoparidzira vanhu. Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechimakumi matanhatu nematatu.

7 Uye tarisai, munyika makanga muine runyararo, zvekuti maNifai aienda kudunhu ripi ravainge vachida, kana dai muri mukati memaNifai kana maRamani.

8 Uye zvakaitika kuti kana maRamani vaikwanisa kuenda kwose kwose zvakwo kwavainge vachida, kana dai pari pakati pemaRamani kana pemaNifai; uye saka vaifambidzana zvakasununguka, kunotenga uye kana kunotengesa, uye kuti vawane, maererano nezvavainge vachida.

9 Uye zvakaitika kuti vakapfuma zvikuru, vose maRamani nemaNifai; uye vakanga vaine goridhe yakawanda zvikuru, nesirivha, nemarudzi akasiyana-siyana ezvinokosha, kwose munyika yekumaodzanyemba nenyika yekuchamhembe.

10 Zvino nyika yekumaodzanyemba yainzi Rihai, uye nyika yekuchamhembe yainzi “Mureki, yakanga yakadaidzwa zita remwanakomana waZedekia; nokuti Ishe vakaisa Mureki munyika yekuchamhembe, uye Rihai kunyika yekumaodzanyemba.

11 Uye tarisai, makanga muine goridhe rakasiyana-siyana mose munyika idzi, nesirivha, nematombo anokosha emarudzi ose; uye kwaive nemhizha, dzaikwanisa kushanda simbi dzakasiyana-siyana, uye vaidzigadzira; uye saka vakapfuma.

12 Vakakohwa zvakawanda, kwose kuchamhembe nekumaodzanyemba; uye vakafambira mberi zvikuru, kwose kuchamhembe nekumaodzanyemba. Uye vakawanda uye vakasimba zvikuru munyika. Uye vakakudza matanga mazhinji, hongu, nemhuru zhinji dzekukodza.

13 Tarisai madzimai ayo aishanda zvakasimba uye achiruka, uye aiita machira akasiyana siyana, emachira akarukwa zvinoyevedza nemachira emarudzi akasiyana-siyana, kuti vapfekezde miviri yavo yakanga isina kusimira. Uye saka gore rechimakumi matanhatu nemana rakapfuura murunyararo.

14 Uye mugore rechimakumi matanhatu nemashanu vakanga vainewo rufaro nerunyararo, hongu, kuparidzirwa kwakawanda nehuporofita hwakawanda maererano neicho chakanga chichauya. Uye ndikwo kupfuura

kwakaita gore rechimakumi matanhatu nemashanu.

15 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu nematanhatu rekutonga kwevatongi, tarisai, “Sizoramu akapondwa nemunhu asina kuzivikanwa agere pachigaro chekutonga. Uye zvakaitika kuti mugore rimwechetero, mwanakomana wake, akanga aiswa nevanhu munzvimbo yake, naiyewo akapondwa. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matanhatu nematanhatu.

16 Uye mukutanga kwegore rechimakumi matanhatu nemanomwe vanhu vakatanga kukura muupi zvakare.

17 Nokuti tarisai, Ishe vakanga vavaropafadza kwenguva huru neupfumi hwenyika zvekuti havana kumbomutswa kuti vashatirwe, kana kuita hondo, kana mukudeura ropa; naizvozvo vakatanga kuisa mwoyo yavo paupfumi hwavo; hongu, vakatanga kutsvaka kupunduka kuti vagoiswa pamusoro pevamwe; naizvozvo vakatanga kuponda “muruvande, nekuba nokupamba, kuti vapunduke.

18 Uye zvino tarisai, idzo mhondi nevapambi chaive chikwata chakanga chatangiswa naKishikumeni “naGadhiandoni. Uye zvino zvakaitika kuti vakanga vakawanda, kana nemukati memaNifai, vechikwata chaGadhiandoni. Asi tarisai, vakanga vakanyanya kuwanda mune avo vemaRamani vakanga vakanya-

nya kuipa. Uye vainzi makororo nemhondi dzaGadhiandoni.

19 Uye vaive ivo vakaponda mutongi mukuru Sizoram, nemwanakomana wake, ari pachigaro chekutonga; uye tarisai, havana kuwanikwa.

20 Uye zvino zvakaitika kuti maRamani paakawona kuti mukati mavo maive nemakororo vakasuwa zvikuru; uye vakashandisa nzira dzose dzavaikwanisa kuti vaaparadze vabve pamusoro penyika.

21 Asi tarisai, Satani akamutsa mwoyo yevazhinji vemaNifai, zvekuti vakabva vabatana nezivo zvikwata zve makororo, uye vakapinda muzvibvumirano zvavo nezvitsidzo zvavo, kuti vanozochengetedzana nokudzivirirana kana mumwe akapinda mumatambudziko akaita sei, kuti havafanire kutambudzwa pamusana peumhondi hwavo, nokupamba kwavo, nokuba kwavo.

22 Uye zvakaitika kuti vaive nezviratidzo zvavo, hongu, zviratidzo zvavo “zvemuruvande, nemazwi avo akange asingazivikanwe; uye zvaitirwa kuti vazive hama inenge yakapinda muchibvumirano, kuti kana dai hama yake ikaita zvakaipa sei haafanire kukuvadza nehama yake, kana neavo vari vechikwata chake, vakaitawo chibvumirano ichi.

23 Uye saka vaikwanisa kuponda, nokupamba, uye vabe, uye

vaite upombwe netsika dzose dzakaipa, dzisiri mumutemo wenyika yavo nemitemowo yaMwari vavo.

24 Uye ani zvake wechikwata chavo anotaurira nyika “nezvekuipa neruvengo rwavo nekutadza kwavo, anotongwa, kwete maererano nemitemo yenyika yavo, asi maererano nemitemo yeupi hwavo, yakanga yaitwa naGadhiandoni naKishikumeni.

25 Zvino tarisai, ndizvo zvi-bvumirano “nezvitsidzo zvemuruvande zvakanzi naAruma achiudza mwanakomana wake kuti hazvifanire kuenda munyika, nokuti ingangove nzira ye-kuunza vanhu mukuparadzwa.

26 Zvino tarisai, izvo zvitsidzo nezvibvumirano “zvemuruvande hazvina kuuya kuna Gadhiandoni zvichibva muzvinyorwa zvakapiwa kuna Hiramani; asi tarisai, zvakaiswa mumwoyo maGadhiandoni nemunhu ^bmumwecheteyo akafurira vabereki vedu vekutanga kuti vadye muchero wairambidzwa —

27 Hongu, uye munhu mumwecheteyo akarangana “naKaini, kuti kana akaponda munin’ina wake Aberi hazvizozivikanwa munyika. Uye akarangana naKaini nevateveri vake kubvira panguva iyoyo.

28 Uye zvakare ndiye uye munhu mumwechete iyeyu akaisa mumwoyo yevanhu pfungwa yekuti “vavake shongwe yakareba zvekuti yaizosvika kudenga.

22a NKM Huranganwa hwemuruvande.

24a NKM Akaipa.

25a Aruma 37:27–32.

26a Mos. 5:29, 49–52.

b 3 Ni. 6:28;

Mos. 4:6–12.

27a Mos. 5:18–33.

28a Gen. 11:1–4; Eta 1:3.

Uye aive munhu mumwechete iyeyo akatungamirira vanhu vakabva pashongwe iya vachiuya munyika ino; akaparadzira mabasa erima neekuipa pamusoro penyika yose, kudakara akwezvera vanhu kunoparadzwa ^bzvachose, nokugehena rekusingaperi.

29 Hongu, ndiye munhu mumwechete iyeyo akaisa mumwoyo “maGadhiandoni kuti arambe achiita mabasa erima, neekuponda muruvande; uye akavamba ainazvo kubvira pakutanga kwemunhu kusvika munguva ino.

30 Uye tarisai, ndiye uyu “munyori wezvitema zvose. Uye tarisai, anoita mabasa ake erima nokuponda muruvande, uye vanogashidzana zvavanorangana, nezvitsidzo zvavo, nezvibvumirano zvavo, nekuronga kwavo kweuipi hwakanyanya, kubva kuchizvarwa nechizvarwa namaererano nekubata kwaanoita mwoyo yevana vevanhu.

31 Uye zvino tarisai, akanga abata zvikuru mwoyo yemaNifai; hongu, zvekuti vakanga vave vanhu vaipa zvikuru; hongu, vazhinji vavo vakanga vasiya nzira yekururama, uye “vakatsika-tsika mirairo yaMwari netsoka dzavo, uye vakaenda nedzavo nzira, uye vakazvivakira mifananidzo yegoridhe yavo nesirivha yavo.

32 Uye zvakaitika kuti kwose kutadza uku kwakauya kwavari mukati memakore “mashoma-

nani, zvekuti zvizhinji zvacho zvakaitika mugore rechimakumi matanhatu nemanomwe rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

33 Uye vakakura nezvitadzo zvavo mugore rechimakumi matanhatu nemaserewo, vakarurama vakasuwa zvikuru nokuchema.

34 Uye saka tinoona kuti maNifai akatanga kuderera mukusatenda, uye vakakura mukuipa nezvitadzo, maRamani akatanga kukura muruzivo rwaMwari vavo zvikuru; hongu, vakatanga kuchengeta zvisungo zvake nemirau, nekufamba muchokwadi uye vakati twasa pamberi pake.

35 Uye saka tinoona kuti Mweya waIshe wakatanga “kubva kumaNifai, pamusana peuipi nekuoma kwemwoyo yavo.

36 Uye saka tinoona kuti Ishe wakatanga kudira Mweya wake kumaRamani, pamusana pekupfava kwavo nokuda kwavo kutenda mumazwi ake.

37 Uye zvakaitika kuti maRamani vakavhima chikwata chemakororo aGadhiandoni; uye vakaparidza shoko raMwari mukati mevakanyanya kuipa vavo, zvekuti chikwata chiye chemakororo chakaparadzwa zvachose mukati memaRamani.

38 Uye zvakaitika kuti kune rumwe rutivi, maNifai vakavavaka uye vakavatsigira, zvichitanga nekune vakanga vakanyanya kuipa vavo, kudakara vazara nenyika yose yemaNifai,

28b Eta 8:9, 15–25.

29a Hir. 2:4–13.

30a Aruma 5:39–42;

Moro. 7:12, 17;

Mos. 4:4.

31a 1 Ni. 19:7.

32a Aruma 46:8.

35a Mosaya 2:36;

D&Z 121:37.

uye vakafurira vazhinji vevakanga vari vakarurama kusvika vaburuka vave kutenda mabasa avo vave kutambira zvakapambwa, uye nokubatana navo mukuponda nemuzvikwata zve-muruvande.

39 Uye saka vakatora, vakawana kufambiswa kwehurumende, zvekuti vakatsikirira pasi petsoka dzavo, uye vakarova nekubvarura uye vakafukatira “varombo nevakapfava, nevateveri vaMwari vakazvirereka.

40 Uye tinoona kuti vakanga vave pakaipa, uye vave “kuibvira kuparadzwa kusingaperi.

41 Uye zvakaitika kuti ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi matanhatu nemasere reku-tongwa kwemaNifai nevatongi.

HUPOROFITA HWANIFAI, MWANAKOMANA WAHIRAMANI — Mwari vanotyisidzira maNifai kuti vachavashanyira mukushatirwa kwavo, vagovaparadza zvachose kunze kwekunge vatotendeuka pahuipi hwavo. Mwari vanorova vanhu vaNifai nezvirwere; vanotendeuka uye vobva vapindukira kwavari. Samueri, muRamani, anoporofita kumaNifai.

*Zvichisanganisa zvitsauko
7 kusvika ku16.*

CHITSAUKO 7

Nifai anorambwa kuchamhembe uye achibva adzokera kuZarahe-

mura — Anonamata ari panharire yebindu rake uye achibva adaidza vanhu kuti vatendeuke kana kufa. Zvingangove makore 23 kusvika ku21 Kristu asati azoarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi matanhatu nemapfumbamwe reku-tongwa kwemaNifai nevatongi, kuti Nifai, mwanakomana waHiramani, “akadzokera kunyika yeZarahemura achibva kunyika yekuchamhembe.

2 Nokuti akanga amboenda mukati mevanhu vakanga vari munyika yechekuchamhembe, uye akaparidza shoko raMwari kwavari, uye akaporofita zvinhu zvizhinji kwavari.

3 Uye vakaramba mashoko ake ose, zvekuti haana kuzokwanisa kugara pakati pavo, asi akadzokera zvakare kunyika yechizvarwa chake.

4 Uye achiona vanhu vari mukati mehugaro hwechakaipa hunotyisa, uye aye makororo aGadhiondi ari iwo ari muzvigaro zvekutonga — vakaba simba nemvumo yekutonga nyika; vasiya parutivi mirau ya Mwari, uye vasina chimwe chakanaka chavanoita pamberi pake; vasingaite zvakarurama kuvana vevanhu;

5 Vachitongera rufu vakarurama pamusana pekururama kwavo; vachiregera vane mhosva nevakaipa vachienda vasingarangwe pamusana pemari yavo; uye pamusoro paizvo-zvo vovabvumira kutungamira

hurumende, kuti vatonge vachita zvavanoda, kuti vapunduke, uye nokuwana mbiri “munyika, uye, pamusoro paizvozvo vagokwanisa kuita upombwe nyore-nyore, nokuba, nokuuraya, uye vachiita maererano nokuda kwavo—

6 Zvino kuipa kukuru uku kwakanga kwauya kumaNifai, muchinguva chemakore mashomanani; uye Nifai zvaakazviona, mwoyo wake wakafuta nekusuwa mukati mechipfuva chake; uye akakanuka mukuwadziwa kwemweya wake:

7 Ini zvangu, dai ndakanga ndakawana mazuva angu mumazuva ababa vangu Nifai vakatanga kubva munyika yeJerusarema, kuti ndaingenda kufara naye munyika yechipikirwa; iyoyo nguva vanhu vake vaive nyore kunyengetedza, vakasimba mukuchengeta mirairo yaMwari, uye vachinonoka kuiswa mukutadza; uye vaikurumidza kuteerera kumazwi aIshe—

8 Hongu, dai mazuva angu akanga ari mumazuva iwayo, zvino mweya wangu ungapadai wakawana mufaro mukururama kwehama dzangu.

9 Asi tarisai, ndakapiwa kuti ano ndiwo mazuva angu, nokuti mweya wangu uchazara nekusuwa pamusana pehutsinye hwehama dzangu.

10 Uye tarisai, zvino zvakaitika kuti pakanga pari panharire, yaive mubindu raNifai, raive munzira huru yaienda kumusika

mukuru, waive muguta reZarahemura; naizvozvo, Nifai akanga apfugama panharire yaive mubindu make, nharire iyi yaivewo pedyo nemusiwo webindu raibuda nekunzira huru.

11 Uye zvakaitika kuti paive nevamwe varume vakanga vachipfuura nepo uye vakaona Nifai achidira mweya wake kuna Mwari ari panharire; uye vakamhanya vakanotaurira vanhu zvavakanga vaona, uye vanhu vakauya pamwechete vari mhomho kuti vazoona kuti chii chikonzero chekuchemera kuipa kwevanhu zvakadaro.

12 Uye zvino, Nifai paakasimuka akaona mhomho yevanhu vakanga vaungana pamwechete.

13 Uye zvakaitika kuti akashama muromo wake akati kwavari: Tarisai, “ko maunganirei? Kuti ndikutaurirei nezvezvitadzo zvenyu?”

14 Hongu, pamusana pekuti ndakwira panharire pangu kuti ndidire mweya wangu kuna Mwari wangu, pamusana pekuswa kukuru kwemwoyo wangu, kwakonzwerwa nezvitadzo zvenyu!

15 Uye nenzira yekuchema kwangu nokugununa maungana pamwechete, uye muchishamiswa; hongu, uye munofanira kushamiswa zvikuru; hongu, makafanira kushamiswa nokuti makatorwa zvekuti dhi-abhorosi akabata mwoyo yenyu zvikuru.

16 Hongu, makabvuma sei kuti mufurirwe neuyo ari kutsvaka

kurasa mweya yenyu mukusu-wa kusingaperi nenhamo isina magumo?

17 Imi tendeukai, tendeukai imi! “Ko munofirei? Dzokai imi, dzokai imi kuna Ishe Mwari venyu. Ko akuramwirei?

18 Pamusana pekuti maomesa mwoyo yenyu; hongu, hamuteerere kuzwi remufudzi “akanaka; hongu, ^bmakamuita kuti akushatirirwei.

19 Uye tarisai, kunze kwekuti “akuunganidzei, kana mukasatendeuka, tarisai, achakuparadzai kuti muve nyama yembwa nezvikara.

20 Imi, mungakanganwe sei Mwari wenyu muzuva iroro raakuponesai?

21 Asi tarisai, zvaive zvekuda kupunduka, kuti vagorumbidzwa nevanhu, hongu, uye kuti mungawane goridhe nesirivha. Uye maisa mwoyo yenyu paupfumi nezvinhu zvisina maturo “zvenyika ino, zvamunopondera, muchipaza, uye muchiba, nokupupura ^bnhema nezvemuvakidzani wenyu, nokuita kwose kutadza.

22 Uye nechikonzero ichi nhamo ichauya kwamuri kunze kwekunge matendeuka. Nokuti kana musina kutendeuka, tarisai, guta guru rino, nemamwe maguta ose akatenderedza, ari munyika yedu ino, achatorwa

zvekuti munenge musisina nzvimbo maari; nokuti tarisai, Ishe havape kwamuri “simba, sezvavanga vachiita kusvika zvino, kuti mugone kurwisana nevavengi venyu.

23 Nokuti tarisai, Ishe vanotaura achiti: Handizoratidza simba rangu kune vatadzi, kune uyu kupfuura uyo, kunze kwekune avo vanenge vatendeuka muzvitema zvavo, uye vagoteerera mazwi angu. Zvino naizvozvo, ndinoda kuti dai matarisa, hama dzangu, kuti zvichave “nani kumaRamani pane kwamuri kunze kwekunge matotendeuka.

24 Nokuti tarisai, vakarurama kupfuura imi, nokuti havana kutadzira ruzivo rwukuru rwuya rwamakatabira imi; naizvozvo Ishe vachavanzwira tsitsi; hongu, “vacharebesa muzuva avo uye vagopamhidzira mbeu yavo, kana dai imi muchinge ^bmaparadzwa zvachose kunze kwekunge matendeuka.

25 Hongu, nhamo kwamuri pamusana pekutadza kwenyu kwauya mukati menyu; uye imi makabva mabatana mazviri, hongu, kuchikwata “chemuruvande chiya chakaitwa na-Gadhiandoni!

26 Hongu, “nhamo ichauya kwamuri pamusana pekuzvida kuya kwamabvumira kuti kupinde mumwoyo yenyu, kwa-

17a Ezk. 18:23, 31-32.

18a Ezk. 34:12;

Joh. 10:14-16;

Aruma 5:38-41, 57-60.

NKM Mufudzi

Akanaka.

^b Jak. 1:8; Aruma

12:36-37.

19a 3 Ni. 10:4-7.

21a NKM Zvemunyika.

^b Eks. 20:16;

Mat. 15:19-20.

22a Mosaya 7:29.

23a Hir. 15:11-15.

24a Aruma 9:16;

D&Z 5:33.

^b Aruma 9:19.

25a Hir. 3:23.

26a Isa. 5:8-25.

kusimudzai pamusoro kupfura pane chakanaka pamusana^bpekupfuma kwenyu kukuru!

27 Hongu, nhamo kwamuri pamusana pekuipa kwenyu nekutadza kwenyu.

28 Uye kunze kwekunge matendeuka muchafa; hongu, kana nyika dzenyu muchadzitorerwa, uye muchaparadzwa kubviswa pamusoro penyika.

29 Tarisai zvino, handizi kuti zvinhu izvi zvichaitika, ini pachangu, nokuti handizirini “ndinoziva kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi nokuti Ishe Mwari vakaita kuti ndizvize, naizvozvo ndinopupura kuti zvichave.

CHITSAUKO 8

Nhubu dzevatongi dzinotsvaka kufurira vanhu kuti vamukire Nifai — Abrahama, Mosesi, Zenosi, Zenoki, Eziasi, Isaya, Jeremia, Rihai naNifai vose vakapupura nezvaKristu — Nokufemerwa Nifai anotaura kupondwa kwemutongi mukuru. Zvingangove makore 23 kusvika ku21 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Nifai ataura mazwi aya, tarisai, paive nevarume vakanga vari vatongi, vakanga vari vechikwata cheruvande chaGadhiandoni, uye vakashatirwa, uye vakachema vachimurwisa, vachiti kuvanhu: Sei musingabate munhu uyu muuye naye, kuti arangwe maererano nemhosva yaaita?

2 Sei muchiona murume uyu,

uye muchimunzwa achituka vanhu ava nemitemo yedu?

3 Nokuti tarisai, Nifai akanga ataura navo maererano nekuora kwakaita mutemo wavo; hongu, Nifai akataura zvinhu zvizhinji zvisingagone kunyorwa; uye hapana chaakataura chaipesana nemirairo yaMwari.

4 Uye vatongi avo vakamushatirirwa nokuti “aitaura kwavari zviripachena maererano nema-basa avo emuruvande erima; zvakadaro, havana kukwanisa kuisa maoko avo paari, nokuti vaitya kuti vanhu vangachemere kuvarwisa.

5 Naizvozvo vakachemera kuvanhu, vachiti: Sei muchibvumira munhu uyu kuti atituke? Nokuti tarisai anopa vanhu vano vose mhosva, kana mukuparadzwa, hongu, uye nokutiwo maguta edu makuru aya tichaatorerwa, kuti tichashaya nzvimbo maari.

6 Uye zvino tinoziva kuti izvi hazviitike, nokuti tarisai, tine simba, uye maguta edu makuru, saka vavengi vedu havagone kutikurira.

7 Uye zvakaitika kuti ndiko kumutsa kwavakaita vanhu kuti vashatirirwe Nifai, uye ndokuisa kupesana mukati mavo; nokuti kune vamwe vakachema vachiti: Muregei murume uyu ega, nokuti munhu akanaka, uye izvo zvinhu zvaari kutaura chokwadi zvichaitika kunze kwekunge tatendeuka.

8 Hongu, tarisai, kwose kuto-ngwa kuchauya patiri kwaapu-

pura kwatiri; nokuti tinoziva kuti apupura chaizvo kwatiri maererano nokutadza kwedu. Uye tarisai zvakanwanda, uye “anoziva zvose zvinhu zvichatiwira sekuziva kwaanoita zvitadzo zvedu;

9 Hongu, uye tarisai, dai anga asiri muporofita haaipupura maererano nezvinhu izvozvo.

10 Uye zvakanwanda kuti avo vanhu vaitsvaka kuparadza Nifai vakamanikidzwa pamusana pekutya kwavo, kuti vasaise maoko avo paari; saka akatanga zvakare kutaura kwavari, aona kuti kune vamwe vakanga vachimuda, zvekuti vamwe vacho vakabva vatya.

11 Naizvozvo akatunhwa kuti arambe achitaura zvakanwanda kwavari achiti: Tarisai, hama dzangu, hamuna kuverenga here kuti Mwari vakapa simba kumunhu mumwechete, Mosesi, kuti arove mvura “dzeGungwa Dzvuku, dzikabva dzapatsanuka uko nekoko, zvekuti maIsraeri, avo vakanga vari madzibaba edu, vakayambuka nepakaoma, uye mvura ikadzokera pakare pamauto emaEgipita uye ikaamedza?

12 Uye zvino tarisai, kana Mwari vakapa murume uyu simba rakadaro, zvino sei muchitirana nharo pachenyu, uye muchiti haana simba raakandipa rinoita kuti ndizive kuto-

ngwa kuchauya pamuri kunze kwekunge matendeuka?

13 Asi, tarisai, hamusi kuramba mazwi angu chete, asi muri kurambawo ose mazwi akataurwa namadzibaba edu, nema-zwiwo akataurwa nemurume uyu, Mosesi, uyo akanga akapiwa simba guru rakadai, hongu, mazwi aakatura maererano nezvekuuya kwaMesia.

14 Hongu, haana kutaura zvinyorwa zvinoti Mwanakomana waMwari achauya? Uye “kusimudza kwaakaita nyoka yedare murenje, kana iye achauya achasimudzwawo.

15 Uye vose vachatarisa pa-nyoka iyoyo “vachapona, kana naizvozvo vose vachatarisa kune Mwanakomana waMwari nerutendo, vaine mweya wakatyoka, vachava ^bvapenyu, kana kusvika kuupenyu huya hwokusingapere.

16 Uye zvino tarisai, Mosesi haana kungopupura nezvezvinhu izvi chete, asi “nevose maporofita vatsvene vakapupurawo, kubvira kumazuva ake kusvika kumazuva aAbrahama.

17 Hongu, uye tarisai, “Abrahama akaona nezvekuuya kwake, uye akazadzwa nomufaro uye akapembera.

18 Hongu, uye ndinoti kwamuri, hazvizizvo chete izvi zvazivikanwa naAbrahama, asi kwaive “nevazhinji Abrahama

8a Hir. 7:29.

11a Eks. 14:16; 1 Ni. 17:26;

Mosaya 7:19;

D&Z 8:2–3;

Mos. 1:25.

14a Num. 21:6–9;

2 Ni. 25:20;

Aruma 33:19–22.

NKM Jesu Kristu—

Marudzi kana

mucherechedzo

waKristu.

15a 1 Ni. 17:41;

Aruma 37:45–47;

3 Ni. 15:9.

^b Joh. 11:25.

16a Jak. 4:4–5; 7:11.

17a Gen. 22:8–14;

Joh. 8:56.

18a Aruma 13:19;

D&Z 84:6–16; 136:37.

asati aveko vakanga vakadai-dzwa ^bnehurongwa hwaMwari; hongu, kana negungano re-Mwanakomana wake; uye kuti zviratidzwe kuvanhu, zviuru nezviuru zve makore asati auya, kuti kana rununuro rwuchauya kwavari.

19 Uye zvino ndinoti makafanira kuziva, kuti kana kubvira mumazuva aAbrahama kwainge kuine vaporofita vazhinji vakapupura zvinhu izvi; hongu, tarisai, muporofita ^aZenosi akataura asingatye; zvakaita kuti auraiwe.

20 Uye tarisai, ^anaZenokiwo, ^{na}Eziasiwu, ^bIsayawo, ^{na}Jeremia, (Jeremia ari iye muporofita mumwecheteyo akapupura nezve kuparadzwa ^akweJerusarema) uye zvino tinoziva kuti Jerusarema yakaparadzwa maererano nemazwi aJeremia. Ko zvino Mwanakomana waMwari anotadza nei kuuya maererano nechiporofita chake?

21 Uye zvino munoita nharo kuti ^aJerusarema hayina kuparadzwa? Mungati here ^bvanakomana vaZedekia havana kuurawa here, kusara ^ckwaMureki? Hongu, uye hamuone here kuti mbeu yaZedekia inesu, uye vakatandaniswa munyika yeJerusarema? Asi tarisai izvi hazvizizvo zvose—

22 Baba wedu Rihai akabviswa muJerusarema pamusana pekuti akapupura pamusoro pezvinhu izvi. Nifai naiyewo akapupura pamusoro pezvinhu izvi, uye kunge esewo madzibaba, edu akapupura, kana kusvika kunguva ino; hongu, vakapupura ^anezvekuuya kwaKristu, uye vakatarisira, uye vakafara muzuva rake richauya.

23 Uye tarisai, ndiye Mwari, uye ndiye anavo, uye akazviratidza kwavari, kuti vakanunurwa naye; uye vakapa kwaari mbiri, pamusana peicho chichauya.

24 Uye zvino, ndichiona kuti munozviziva zvinhu uye hamugone kuzviramba kunze kwekunge mave kunyepa, naizvozvo munaizvozvi matotadza, nokuti makaramba zvose zvinhu izvi, kana dai paine umbowo hwa-kawanda hwamakatabira; hongu, kana imi makagashira zvinhu ^azvose, zvinhu zvirikudenga, nezvinhu zvose zvirimunyika pasi, seumbowo kuti ndezvechokwadi.

25 Asi tarisai, imi makaramba chokwadi, uye ^amukapandukira Mwari venyu mutsvene; uye kana panguva ino, kunze kwekuti muzviisire ^bupfumi kude nga, uko kusina chinoora, uye uko kusina chakasviba chinga-

18b NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

19a Aruma 34:7.

20a 1 Ni. 19:10;

3 Ni. 10:15–16.

NKM Magwaro

Matsvene—Magwaro

Matsvene akarasika.

b Isa. 53.

c 1 Ni. 5:13; 7:14.

d Jer. 26:18;

1 Ni. 1:4.

21a 2 Ni. 6:8; Omu. 1:15.

b II Madz. 25:7;

Jer. 39:6; 52:10.

c Ezk. 17:22–23;

Hir. 6:10.

22a NKM Jesu Kristu—

Zviporofita nezvekuvarwa uye nerufu rwaJesu Kristu.

24a Aruma 30:44;

Mos. 6:63.

25a Mosaya 2:36–38; 3:12.

b Hir. 5:8;

3 Ni. 13:19–21.

uyeko, muri kuzviunganidzira hashu muzuva rekutongwa.

26 Hongu, kana panguva ino muri kuibva, pamusana peku-ponda kwenyu “nokupomba kwenyu uye nehupi, kuparadzwa kusingaperi; hongu, uye kunze kwekunge matendeuka zvichauya nokukurumidza kwamuri.

27 Hongu, tarisai kana iye zvino zvatove pamisiwo yenyu; hongu, endai imi kuchigaro chekutonga, uye mutsvake; uye tarisai, mutongi wenyu apondwa, uye “arere muropa rake; uye apondwa ^bnemunin’ina wake, ari kutsvaka kugara kuchigaro chekutonga.

28 Uye tarisai, vose ndevechikwata chenyu chemuruvande, “chakaitwa naGadhiondoni neuyo akaipa anotsvaka kuparadza mweya yevanhu.

CHITSAUKO 9

Nhumwa dzinoona mutongi mukuru akafa pachigaro chekutonga — Dzinoiswa mutirongo uye dzozosunungurwa mushure — Nekufemerwa Nifai anoziva kuti Seandumu ndiye aponda — Nifai anobvumwa nevamwe semuporofita. Zvingangove makore 23 kusvika ku21 Kristu asati azvarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti Nifai ataura mazwi aya, vamwe vanhu vakanga vari mukati mavo vakamhanyira kuchigaro chekutonga; hongu, kana vano-

svika vashanu vakaenda, uye vakati pachavo, vachienda:

2 Tarisai, zvino tichaziva zvechokwadi kana murume uyu ari muporofita uye kana Mwari vamutuma kuti aporofite zvinhu zvinoshamisa kudai kwatiri. Tarisai, hatitende kuti akatumwa; hongu, hatitende kuti muporofita; zvisinei, kana chinhu ichi chaatura nezvemutongi mukuru chiri chechokwadi, kuti afa, saka tichatenda kuti mamwe mazwi aatura ndeechokwadi.

3 Uye zvakaitika kuti vakamhanya nesimba ravo rose, uye vakapinda kuchigaro chekutonga; uye tarisai, mutongi mukuru akanga awira pasi, uye “arere muropa rake.

4 Uye zvino tarisai, pavakaona izvi vakashamiswa zvikuru, zvekuti vakabva vawira pasi; noku-ti havana kunge vatenda mazwi akanga ataurwa naNifai mae-rerano nezvemutongi mukuru.

5 Asi zvino, pavakaona vaka-tenda, uye vakabatwa nokutya kuti kutongwa kwose kwakanga kwataurwa naNifai kungauye kuvanhu; naizvozvo vakadedera, uye vakawira pasi.

6 Zvino, pakarepo mutongi apondwa—iye abaiwa nemunin’ina wake akapfeka zvekuzvivanza, uye akatiza, uye varanda vakamhanya uye vakanotaurira vanhu, vachidaidzira kuponda pakati pavo;

7 Uye tarisai vanhu vakau-ngana pamwechete panzvimbo yechigaro chekutonga— uye

25c D&Z 10:20–23;
121:23–25.

26a NKM Kusanganana

kusina kururama.

27a Hir. 9:3, 15.

b Hir. 9:6, 26–38.

28a Hir. 6:26–30.

9 3a Hir. 8:27.

tarisai, vakashamiswa vachiona varume vaye vashanu vakanga vakawira pasi.

8 Uye zvino tarisai, vanhu havana chavaiziva nezve mhomho yevanhu vakanga vaungana pamwechete “kubindu raNifai; naizvozvo vakati pachavo: Ava varume ndivo vaponda mutongi, uye Mwari avarova kuti vatadze kutitiza.

9 Uye zvakaitika kuti vakavabata, uye vakavasunga uye vakavakanda mutirongo. Uye kwaive neshoko rakatumirwa kwose kuti mutongi akauraiwa, nokuti vapondi vakabatwa vakakandwa mutirongo.

10 Uye zvakaitika kuti mangwana acho vanhu vakaunganidzana pamwechete kuti vacheme “nokutsanya, pakuvigwa kwegamba mutongi mukuru akanga auraiwa.

11 Uye kana neavo vatongi vaive kubindu raNifai, uye vakanzwa mazwi ake, vakanga vakaunganawo parufu apa.

12 Uye zvakaitika kuti vakavhunza kuvanhu, vachiti: Ko varipiko vaya vashanu vatumwa kuzobvunza nezvemutongi mukuru kuti afa here? Uye vakapindura uye vakati: Nezve ava vashanu vamuri kuti matuma, hapana chatinoziva; asi pane vashanu vanove ndivo vapondi, vatakakanda mutirongo.

13 Uye zvakaita kuti vatongi vakati vanhu ava ngavauiswe; uye vakauiswa, uye tarisai, ndivo vaye vashanu vakanga vatumwa; uye tarisai vatongi

vakabvunza kwavari kuti vazive maererano nenyaya iyi, uye vakavataurira zvose zvavakanga vaita, vachiti:

14 Takamhanya tikauya panzvimbo yechigaro chekutonga, uye taona zvose zvinhu kana sekupupura kwakanga kwaita Nifai, takashamiswa zvekuti takawira pasi; uye patakanga tamuka, tarisai ndipo pavakabva vaticanda mutirongo.

15 Zvino, kana zviri zvekupondwa kwemurume uyu, hatizive azviita; uye izvi chete ndizvo zvatinoziva, takamhanya tikauya sezvamakanga muchida, uye tarisai akanga afa, sekutaura kwemazwi aNifai.

16 Uye zvino zvakaitika kuti vatongi vakataura nyaya kuvanhu, uye vakachema kurwisa Nifai, vachiti: Tarisai, tinoziva kuti iye Nifai uyu akanga akabvumirana nemumwe kuti vauraye mutongi uyu, uye kuti kana ozotitaurira isu, angangotipindutsira mukutenda kwake, kuti agozvisimudzira segamba, rakasarudzwa naMwari, uye arimuporofita.

17 Uye zvino tarisai, tichamuwana munhu uyu, uye achareurura mhosva yake uye oita kuti tizive isu chaiye akaponda mutongi uyu.

18 Uye zvakaitika kuti vashanu vaye vakasunungurwa musi wekuvigwa kwemutongi. Zvakadaro, vakatsiura vatongi pamusoro pemazwi avakanga vataura maererano naNifai, uye vakarwi-

sana navo mumwe nomumwe kudakara vavanyadzisa.

19 Zvakadaro, vakaita kuti Nifai atorwe asungwe uye aui-swe kumhomho yevanhu, uye vakatanga kumbvunza mi-bvunzo yakasiyana-siyana kuti zvimwe vanga muwane, kuti vagomupa mhosva yekufa—

20 Vachiti kwaari: Une mumwe wawakarangana naye; ndiani munhu aponda? Zvino titaurire, uye ubvume kutadza kwako; vachiti: Tarisai heino mari; uye tinokupa upenyu hwako kana ukatitaurira, uye bvuma chitenderano chawakaita naye.

21 Asi Nifai akati kwavari: Imi “zvirema, imi musina kudzingiswa mumwoyo, imi mapofu, uye imi vanhu^b makaomesa mitsipa, munoziva here kuti Ishe Mwari venyu vachakubvumirai kwenguva yakadii kuti mufambe naidzo nzira dzenyu idzi dzechitema?

22 Imi makafanira kutanga kuridza mhere “nokuchema, pamusana pekuparadzwa kukuru kwakakumirirai pane ino nguva, kunze kwekunge matendeuka.

23 Tarisai munoti ndakarangana nemumwe munhu kuti aponde Sizoram, mutongi wedu mukuru. Asi tarisai, ndinoti kwamuri, izvi zvakonzerwa pamusana pekuti ndakapupura kwamuri kuti muzive maerera-no nechinhu ichi; hongu, kuti ugove umbowo kwamuri, kuti ndaiziva nezve uipi neruvingo rwuri mukati menyu.

24 Uye pamusana pekuti ndaita izvi, munoti ndarangana nemunhu kuti aite chinhu ichi; hongu, pamusana pekuti ndakakuratidzai chiratidzo ichi mandishatirirwa, uye mave kutsvaka kundiparadza.

25 Uye zvino tarisai, ndichakuratidzai chimwe chiratidzo, uye tigoona kuti muchinhu ichi muchatsvaka kundiparadza here.

26 Tarisai ndinoti kwamuri: Endai kumba kwaSeandumu, iye “munin’ina waSizoram, munoti kwaari—

27 Ko Nifai, anonyepera kuve muporofita, anoporofita kuipa kwakanyanya nezvevanhu ava, akabvumirana newe here, zvaita kuti uponde Sizoram, uyo mukoma wako?

28 Uye tarisai, achati kwamuri, Kwete.

29 Uye imi muchati kwaari: Wakaponda mukoma wako here?

30 Uye achamira achitya, uye achishaya chekutura. Uye tarisai, acharamba kwamuri; uye achaita sezvatomushamisa; zvakadaro, achatura kwamuri kuti haana mhosva.

31 Asi tarisai, imi muchamutarisisa, uye muchaona ropa panhumbi dzake.

32 Uye kana maona izvi, imi muchati: Ko ropa iri rabva kupi? Hatizive here kuti iri iropa remukoma wako?

33 Uye zvino achadedera, uye agobva apinduka kumeso, kana kuita seavingwa nerufu.

34 Uye zvino imi muchati: Pamusana pekutya uko nokupi-

21a Mabasa 7:51.
b НКМ Hupanduki.

22a Mosaya 7:24.
26a Hir. 8:27.

nduka kwaita uso hwako, tarisai tinoziva kuti une mhosva.

35 Uye zvino achabatwa nekutya kukuru; uye zvino achareurura kwamuri, uye asisarambe kuti akaita kuponda uku.

36 Uye zvino achati kwamuri, kuti ini Nifai, hapana chandinoziva nezvenyaya iyi kunze kwekuti yakapiwa kwandiri nesimba raMwari. Uye zvino muchaziva kuti ndiri murume akavimbika, nekuti ndakatumi-rwa kwamuri naMwari.

37 Uye zvakaitika kuti vakanda vakanoita, kana sekutaurirwa kwavakanga vaitwa na Nifai. Uye tarisai, mazwi aakanga ataura aive echokwadi; nokuti maererano nemazwi akaramba; uye mayereranawo nemazwi akareurura.

38 Uye akaitwa kuti aratidze kuti iye ndiye mhondi, zvekuti vaye vashanu vakabva vasunungurwa, uye kana naNifaiwo.

39 Uye kwaive nevamwe vemaNifai vakatenda mazwi aNifai; uye kwaive nevamwewo, vakatenda pamusana peuchapupu hwevashanu vaye, nokuti vakanga vapinduka vari mutirongo.

40 Uye zvino kwaive nevamwe muvanhu, vaiti Nifai muporofita.

41 Uye kwaive nevamwe vaiti: Tarisai, ivo ndiMwari, nokuti kunze kwekunge vari mwari havaiziva zvinhu zvose izvi. Nokuti tarisai, vatiudza pfungwa dzemwoyo yedu, uye vatiudzawo zvinhu; uye vakatiudzawo munhu chaiye akaponda mutongi wedu mukuru.

CHITSAUKO 10

Ishe vanopa Nifai simba rekunama — Anopiwa simba rekusunga kana kusunungura pasi nekudenga — Anoudza vanhu kuti vatendeuke kana kufa — Mweya unomutakura kumhomho nemhomho. Zvingangove makore 21 kusvika ku20 Kristu asati azvarwa.

UYE zvakaitika kuti pakave nekutsaukana pakati pevanhu, zvekuti vakapatsanurana ava nekuku avo nekoko uye vakaenda nzira dzakasiyana, vachisiya Nifai ega, amire pakati pavo.

2 Uye zvakaitika kuti Nifai akatora nzira yake akaenda kumba kwake, “achifungisisa pamusoro pezvinhu zvaakanga aratidzwa naIshe.

3 Uye zvakaitika kuti zvaakanga achifungisisa kudaro — akasuwa zvikuru pamusana pekuipa kwevanhu vaNifai, mabasa avo erima akavandika, nokuponda kwavo, nokupunza kwavo, nokutadza kwakasiyana-siyana — uye zvakaitika kuti zvaakanga achifungisisa kudaro mumwoyo make, tarisai, izwi rakauya kwaari richiti:

4 Wakaropafadzwa iwe Nifai, pamusoro pezvinhu zvawaita; nokuti ndaona matauriro awakaita shoko “usina kuneta, randakakupa kuti upe vanhu ava. Uye hauna kuvatya, uye hauna kutsvaka upenyu ^bhwako, asi wakatsvaka ^ckuda kwangu, nokuchengeta mirairo yangu.

5 Uye zvino, nokuti wakaita izvi usina kuneta, tarisai, ndichakuropafadza nariini; uye ndichakuita uve mukuru mukutaura nemuzviito, murutendo nemumabasa; hongu, kana zvinhu “zvoise zviitirwe iwe maererano ^bneshoko rako, nokuti ^chauzokumbira izvo zvisiri mukuda kwangu.

6 Tarisai, ndiwe Nifai, uye ndini Mwari. Tarisai, ndiri kuzvitaure kwauri pamberi pengirozi dzangu, kuti uchave nesimba kuvanhu ava, uye ucharova pasi “nenzara, nezvirwere, nekuparadza, maerera no nekuipa kwevanhu ava.

7 Tarisai, ndinopa kwauri simba, rekuti chose “chauchasunga panyika chichasungwa kudenga; uye chose chauchasunungura panyika chichasunungurwa kudenga; uye saka uchave nesimba kuvanhu ava.

8 Uye saka ukati kutemberi iyi ngaitsemuke nepakati, zvichaitika.

9 Uye kana ukati “kugomo iri, koromoka uye uti sandara, zvichaitika.

10 Uye tarisai, kana ukati Mwari vacharova vanhu ava, zvichaitika.

11 Uye zvino tarisai, ndinokutuma, kuti uende unotaura kuvanhu ava, kuti Ishe Mwari vanova ndivo Samasimba anoti: Kunze kwekunge matendeuka mucharohwa, kana “kuparadzwa.

12 Uye tarisai, zvino zvakaitika

kuti Ishe pavakanga vataura mazwi aya kuna Nifai, akamira akasaenda kumba kwake, asi akadzokera kumhomho dzevanhu vakanga vakapararira pamusoro penyika, uye akatanga kuvaudza shoko ralshe rakanga rataurwa kwaari, nezvekuparadzwa kana vasina kutendeuka.

13 Zvino tarisai, kana dai zvaivo Nifai akaita chishamiso chikuru chekuvataurira nezve kufa kwemutongi mukuru, vakaomesa mwoyo yavo, uye vakasateerera kumazwi aIshe.

14 Naizvozvo Nifai akavaudza shoko ralshe, achiti: Kunze kwekunge matendeuka, Ishe vanodaro, mucharohwa kana kusvika mukuparadzwa.

15 Uye zvakaitika kuti Nifai zvaakanga avataurira shoko, tarisai, vakaramba vakaomesa mwoyo yavo uye vakaramba kuteerera mazwi ake; naizvozvo vakamutuka, uye vakatsvika kuti vamubate kuti vamukande mutirongo.

16 Asi tarisai, simba raMwari raive naye, uye vakatadza kumutora kuti vamukande mutirongo, nokuti akatorwa neMweya akabviswa pakati pavo.

17 Uye zvakaitika kuti ndokueda ari muMweya, kumhomho nemhomho, achitaura shoko raMwari, kusvika aritaura kwavari vose, kana kuritumira mukati mevanhu vose.

18 Uye zvakaitika kuti havana kuda kuteerera kumazwi ake;

5a 3 Ni. 18:20;
D&Z 88:63–65.
b Eno. 1:12.
c 2 Ni. 4:35;

D&Z 46:30.
6a Hir. 11:4–18.
7a Mat. 16:19.
NKM Kusungu.

9a Mat. 17:20;
Jak. 4:6;
Morm. 8:24; Eta 12:30.
11a Hir. 5:2.

uye kukatanga kuve nekupesana, zvekuti vakanga vaparadzana pachavo uye vakatanga kuurayana nemunondo.

19 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi manomwe nerimwechete rekutongwa kewanhu vaNifai nevatongi.

CHITSAUKO 11

Nifai anonyengetedza Ishe kuti vaise nzara kunze kwehondo—Vazhinji vanofa—Vanotendeuka, uye Nifai obva akumbira Ishe mvura—Nifai naRihai vanotambira zvakazarurwa zvizhinji—Makororo aGadhiandoni anozvimbisa munyika. Zvingangove makore 20 kusvika ku6 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi manomwe nemaviri rekutonga kwevatongi kupesana kwakawanda, zvekuti kwakaita hondo munyika yose mukati mevanhu vose vaNifai.

2 Uye chaive ichochi chikwata “chemuruvande chemakororo chaita mabasa ekuparadza aya neupi. Uye hondo iyi yakatora gore rose iroro; uye kana mugore rechimakumi manomwe nematatu yakanga iriko.

3 Uye zvakaitika kuti mugore iri Nifai akachema kunaIshe achiti:

4 Ishe, musabvumire kuti vanhu ava vaparadzwe nemunondo; asi Ishe, itai kuti kuve “nenzara munyika, kuvamutsa kuti varangarire Ishe Mwari vavo, uye

zvimwe vangatendeuke vakadzokera kwamuri.

5 Uye saka zvakaitwa, maererano nemazwi aNifai. Uye pakave nenzara huru munyika, muvanhu vose vaNifai. Uye saka mugore rechimakumi manomwe nemana nzara yakanderera, uye basa rekuparadza nemunondo rakamira asi rikarwadza nenzara.

6 Uye iri basa rekuparadza rakaendererawo mugore rechimakumi manomwe nemashanu. Nokuti nyika yakarohwa zvekuti yakaoma, uye ikasaita mbeu mumwaka wembeu; uye nyika yose yakanga yarohwa, kana kumaRamani nekumaNifai, zvekuti vakarohwa vakafa zviuru nezviuru munzvimbo dzakanga dzakanyanya kutadza.

7 Uye zvakaitika kuti vanhu vakaona kuti vakanga voda kupera nenzara, uye vakatanga “kurangarira Ishe Mwari vavo; uye vakatanga kurangarira mazwi aNifai.

8 Uye vanhu vakatanga kuchema kuvatongi vakuru vavo nekuvatungamiri vavo, kuti vati kuna Nifai: Tarisa, tinoziva kuti iwe uri munhu waMwari, uye naizvozvo chemera kuna Ishe Mwari vedu kuti abvise kwatiri nzara iyi, tichitya kuti “mazwi ose awakataura kwatiri maererano nokuparadzwa kwedu angazadzikiswe.

9 Uye zvakaitika kuti vatongi vakataura kuna Nifai, semazwi aidiwa kuti vataure. Uye zvakaitika kuti Nifai akaona kuti

vanhu vakanga vatendeuka uye vakazvirereka pachavo nenhumbi dzemasaga, akachema zvakare kuna Ishe, achiti:

10 Ishe, tarisai vanhu ava vari kutendeuka; uye vakatsvaira chiya chikwata chaGadhiandoni kuchibvisa mukati mavo zvekuti hakusisina, uye kana mazano emuruvande vakaaviga muvhu.

11 Zvino Ishe, pamusana pekuzvirereka kwavo mungabvise here kushatirwa kwenyu, uye regai kushatirwa kwenyu kunyaradzwe nekuparadza avo vanhu vane uipi avo vamakaparadza kare.

12 Ishe, mungabvise kushatirwa kwenyu here, hongu, kushatirwa kwenyu kunotyisa, uye muite kuti nzara iyi ipere munyika ino.

13 Ishe, mungateerere kwandiri here, uye itai kuti zviitike semazwi angu, uye mutumire “mvura pamusoro penyika, kuti iburitse michero yayo, nembeu dzavo mumwaka wembeu.

14 Ishe, makateerera kumazwi “angu zvandakati, Ngakuve nenzara, kuti nhamo yemunondo ipere; uye ndinoziva kuti munozviita, kana panguva ino, teererai kumazwi angu, nokuti makati: Kana vanhu ava vatendeuka ndinovaponesa.

15 Hongu Ishe, uye munoono kuti vatendeuka, pamusana penzara nezvinonetsa nokuparadzwa kwakauya kwavari.

16 Uye zvino Ishe, mungabvise

kushatirwa kwenyu here, uye muvaedze zvakare kuti havangakushandirei here? Uye kana zvakadaro Ishe, munogona kuvaropafadza maererano nemazwi enyu amakataura.

17 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi manomwe nematanhatu Ishe vakabvisa kushatirwa kwavo kuvanhu, uye vakaita kuti “mvura inaye panyika, zvekuti yakaburitsa michero yayo mumwaka wemichero yayo. Uye zvakaitika kuti yakaburitsa mbeu dzayo mumwaka wembeu dzayo.

18 Uye tarisai, vanhu vakafara uye vakarumbidza Mwari, uye pamusoro penyika pose pakazadzwa nokufara; uye vakaregera zvekutsvaka kuparadza Nifai, asi vakamukudza semuporofita “mukuru, uye semunhu waMwari, ane simba nemvumo zvaakapiwa naMwari.

19 Uye tarisai, Rihai, munin’ina wake, akanga asingasarire shure kwake kana “padiki muzvinhu zviri maererano nokurarama.

20 Uye saka zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakatanga kubudirira zvakare munyika, uye vakatanga kuvaka matongo avo, uye vakatanga kuwanda nekupararira, kana kudakara vazadza pamusoro penyika, kwose kuchamhembe nekumaodzanyemba, kubvira kugungwa kumadokero kusvika kugungwa kumabvazuva.

21 Uye zvakaitika kuti gore

13a I Madz. 18:1, 41-46.

14a Hir. 11:4.

17a Deut. 11:13-17.

18a Hir. 10:5-11.

19a Hir. 5:36-44.

rechimakumi manomwe nema-tanhatu rakapera murunyararo. Uye gore rechimakumi manomwe nemakore manomwe rakatanga murunyararo; uye “chechi ikapararira kwose pamusoro penyika; uye vazhinji vevanhu, kwose kumaNifai nekumaRamani, vakanga vave vechechi; uye vakawana runyararo rwukuru kwazvo munyika; uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi manomwe nemanomwe.

22 Uye kana mugore rechimakumi manomwe nemasere makanga muine runyararo, kunze kwekupesana kushomanani pamusoro pezvimwe zvakange zvakanyorwa nemaporofita mudzidziso.

23 Uye mugore rechimakumi manomwe nemapfumbamwe kwakatanga kuve nekusagarisana. Asi zvakaitika kuti Nifai naRihai, nevazhinji vehama dzavo avo vaiziva zvinangwa zvedzidziso zvechokwadi, vari vaive “nezvakazururwa zvizhinji zuva nezuva, saka vakaparidzira vanhu, zvekuti vakawanisa kumisa kusagarisana mugore iroro.

24 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi masere rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi, paive nevamwe vevapanduki kubva kumaNifai, vakanga vatove nemakore vakaenda kumaRamani, vatatora zita rekunzi maRamani, uye nevamwe vaive vechizvarwa chaicho chemaRamani, vari vaimutswa kuti vashatirwe neavo vakanga

vapanduka, naizvozvo vakatanga hondo nehama dzavo.

25 Uye vakaponda nokupamba; uye vobva vatizira kumakomo, nekurenje nenzvimbo dzakahwanda, vachihwanda zvekuti hawaiiwanikwa, zuva nezuva vachitambira vamwe vaiuya kwavari, zvakwaive nevapanduki vaienda kwavari.

26 Uye saka nenguva, hongu, kana mukanguva kemakore mashomanani, vakanga vave chikwata chikuru kwazvo chemakororo; uye vakatsvaka ose mazano emuruvande aGadhiani; saka vakave makororo aGadhiani.

27 Zvino tarisai, makororo aya akakonzero kuparadza kukuru, hongu, kana kuparadza kukuru mukati mevanhu vaNifai, nekuvanhuwo vemaRamani.

28 Uye zvakaitika kuti zvakanga zvafanira kuti basa rekuparadza iri richimiswa; naizvozvo vakatumira mauto ane varume vakasimba murenje nemumakomo kuti vanotsvaka chikwata chemakororo ichi, nokuchiparadza.

29 Asi tarisai, zvakaitika kuti mugore rimwechete iri vakatinhirwa shure kusvika mumatunhu avo. Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi masere rekutongwa kwevanhu vaNifai nevatongi.

30 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechimakumi masere nerimwechete vakaenda zvakare kunorwisana nechikwata chiye chemakororo, uye

vakaparadza vazhinji; kana ivowo vakawanikwa nokuparadzwa kukuruwo.

31 Uye vakamanikidzwa zvakare kubva murenje nemumakomo kudzokera kunyika kwavo, pamusana pekuwanda kwakanga kwakaita makororo aye akanga azere mumakomo nemumarenje.

32 Uye zvakaitika kuti ndikwo kupera kwakaita gore iri. Uye makororo akawanda uye akasimba, zvekuti haana kuita hanyin'a nematico ose emaNifai, uye kana emaRamaniwo; uye vakakonzera kuti vabatwe nokutya vanhu vose pamusoro penyika yose.

33 Hongu, nokuti vakafambira nhivi dzakawanda dzenyika, uye vakaita kuparadza kukuru kwavari; hongu, vakauraya vazhinji, uye vakatakura vazhinji sevasungwa vakaenda navo murenje, hongu, kunyanya vakadzi vavo nevana.

34 Zvino kuipa kukuru uku, kwakauya kuvanhu pamusana pekutadza kwavo, kwakavamutsa zvakare mukurangerira Ishe Mwari vavo.

35 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi masere nerimwechete rekutonga kwevatongi.

36 Uye mugore rechimakumi masere nemaviri vakatanga zvakare "kukanganwa Ishe Mwari vavo. Uye mugore rechimakumi masere nematatu vakatanga ku-

simba muzvitadzo. Uye mugore rechimakumi masere nemana havana kugadziridza nzira dzavo.

37 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi masere nemashanu vakaramba vachisimba mukudada kwavo, nemuzvitadzo zvavo; uye saka vakanga vachitoibvira kuti vaparadzwe.

38 Uye ndiko kupera kwakaita gore rechimakumi masere nemashanu.

CHITSAUKO 12

Vanhu havana kutsiga uye zvirema uye vachikurumidza kuita zvakaipa—Ishe vanoranga vanhu vavo—Kusave chinhu kwevanhu kunenzaniswa nesimba raMwari—Muzuva rekutongwa, vanhu vachawana upenyu husingaperi kana kuparadzwa kusingaperi. Zvingangove makore 6 Kristu asati azvarwa.

UYE saka tinowana manyepo nokusatsiga kwemwoyo yevana vevanhu; hongu, tinoona kuti Ishe mukunaka kwavo kusingaverengeke vanoropafadza nekuita kuti avo vanoisa "ruvimbo rwavo mavari" vabudirire.

2 Hongu, uye tinoona panguva yacho chaiyo yaanopa budiriro kuvanhu vake, hongu, mukupamhidzirwa kweminda yavo, matanga avo, uye mugoridhe, nemusirivha, nemuzvinhu zvose zvinokosha zveumarudzi akasiyana-siyana zveumhizha; kuva-

36a Aruma 46:8.
12 1a Mpi. 36:7–8;
2 Ni. 22:2;

Mosaya 4:6.
NKM Vimba.
b II Mak. 26:5;

Mpi. 1:2–3.

pa upenyu hwavo, nekuvabvisa mumaoko evavengi vavo; kupfaviswa mwoyo yevavengi vavo kuti vasaite hondo navo; hongu, uye muchidimbu, kuita zvose zvinhu zve magariro akanaka evanhu vake; hongu, zvino ndiyo nguva “yavanoomesa mwoyo yavo, uye vachikanganwa Ishe Mwari vavo, uye ^bvotsikirira pasi petsoka dzavo Mutsvene — hongu, uye izvi zvichikonzerwa nokupfava, nekubudirira kwa-vo kukuru.

3 Uye saka tinoona kunze kwekunge Ishe “varanga vanhu vavo nematambudziko mazhinji, hongu, kunze kwekunge vavashanyira nerufu nezvinovatyisa, nenzara nezvirwere zvakasiyana-siyana, ^bhavavarangarire.

4 Hunzenza hwakadii, uye kushaya maturo kwakadii, uye kuipa kwakadii, nehudhiabhrosi, “nokukurumidza kuita zva-kaipa, nokunonoka kuita zva-kanaka, zvakaite vana vevanhu; hongu, vanokurumidza sei kuteerera kumazwi ewakaipa, nokuisa ^bmwoyo yavo pazvinhu zvisina maturo zvenyika!

5 Hongu, vanokurumidza sei kusimudzwa “murudado; hongu, vanokurumidza sei kuzuwa, uye vachiita zvikasiyana-siyana zviriviri zvitadzo; uye vanonoka zvakadii mukurangarira Ishe

Mwari vavo, hongu, nokutendeka nzeve mukuraira kwake, hongu, vanonoka sei ^bkufamba munzira dzeungwaru.

6 Tarisai, havadi kuti Ishe Mwari vavo, avo “vakavasika, ^bvavatonge; kana dai zvazvo vaine kunaka kukuru netsitsi kwavari, vanozvidza kuraira kwavo, uye havabvume kuti vave vanovaratidza pekufamba napo.

7 Kwakakura sei “kusave chinhu kwevana vevanhu; hongu, kana kusvika kuve seguruva renyika, havasvike.

8 Nokuti tarisai, guruva renyika rinoenda uko nekoko, richtsemuka nepakati, pakutaura kwa Mwari vedu mukuru vasingaperi.

9 Hongu, tarisai nezwi ravo zvikomo nemakomo anozunguzuka “nokundendemera.

10 Uye “nesimba rezwi ravo zvinokoromoka, uye zvoti kwasvata, hongu, kana kubva zvaita senhika.

11 Hongu, nesimba rezwi ravo nyika “yose inondendemera.

12 Hongu, nesimba rezwi ravo, hwaro hunozunguzika, kana kusvika pakati chaipo.

13 Hongu, uye kana vakati kunyika — ibva — inobva.

14 Hongu, kana akati “kunyika — ^bUchadzokera shure, kuti

2a NKM Kurasika
Pachitendero.

^b Aruma 5:53;
3 Ni. 28:35.

3a Mosaya 23:21;
D&Z 98:21; 101:8.

^b Amosi 4:6–11.

4a Eks. 32:8.

^b Mat. 15:19; VaH. 3:12.
5a Zir. 29:23.

NKM Kudada.

^b NKM Famba, Famba
naMwari.

6a Isa. 45:9; D&Z 58:30;
Mos. 7:32–33.

^b D&Z 60:4.

7a Isa. 40:15, 17;
Mosaya 4:19;

Mos. 1:10.

9a 3 Ni. 22:10.

10a 1 Ni. 17:46.

11a Morm. 5:23; Eta 4:9.

14a Josh. 10:12–14.

^b Isa. 38:7–8.

‘irebese zuva nenguva yakakura — zvinoitwa;

15 Uye saka, maererano nezwi ravo nyika inodzokera shure, uye zvinoratidzika kumunhu kuti zuva rimire; hongu, uye tarisai, ndizvozvo; nokuti chokwadi nyika ndiyo inofamba kwete zuva.

16 Uye tarisai, zvakare, vakati “kumvura dzeudzamu hwukuru — ^bOma — zvinoitika.

17 Tarisai, vakati kugomo iri — Simuka, uye “uuye uzowira pamusoro peguta iro, kuti ivigwe — tarisai, zvinoitika.

18 Uye tarisai, kana munhu “akaviga pfuma muvhu, uye Ishe vagozoti — ^bNgaitukwe, pamusana pekuipa kweuyo aiviga — tarisai, inotukwa.

19 Uye kana Ishe vakati — iwe iva wakatukwa, kuti hapana munhu achakuwana kubvira zvino kudakara nariini — tarisai, hapana munhu anokuwana kudakara nariini.

20 Uye tarisai, kana Ishe vakati kumunhu — Pamusana pezvitadzo zvako, uchave wakatukwa nariini — zvinoitika.

21 Uye kana Ishe vakati — Pamusana pezvitadzo zvako iwe uchabviswa pamberi pangu — vanoita kuti zvive saizvozvo.

22 Uye nhamo kune uyo wachataurira izvi, nokuti zvichave kune uyo anoita zvitadzo, uye haagone kuponeswa; naitvozvo, nechikonzero ichi, kuti

vanhu vaponeswe, kwakaiswa kutendeuka.

23 Naizvozvo, vakaropafadzwa avo vanotendeuka uye vachiterera izwi raIshe Mwari vavo; nokuti ava ndivo “vachaponeswa.

24 Uye dai Mwari vapa, mukuzara kwavo kukuru, kuti vanhu vaunzwe mukutendeuka nemabasa akanaka, kuti vadzorerwe kunyasha “nyenasha, maererano nemabasa avo.

25 Uye ndinoti dai vanhu vose vaponeswa. Asi tinoverenga kuti muzuva guru rekupedzisira kune vamwe vacharasirwa kunze, hongu, vachabviswa pamberi paIshe.

26 Hongu, vachaiswa kunzvimbo yekusuwa kusingaperi, zvichizadzikisa mazwi anoti: Avo vakaita zvakanaka vachawana upenyu “husingaperi; uye avo vakaita zvakaipa ^bvacharaswa zvisingaperi. Uye ndizvo zvazviriri. Amen.

Chiporofita chaSamueri, muRamani, kumaNifai.

*Zvichisanganisa zvitsauko
13 kusvika ku15.*

CHITSAUKO 13

Samueri muRamani anoporofita kuparadzwa kwamaNifai kana vachinge vasina kutendeuka — Ivo neupfumi hwavo vanotukwa —

14c II Madz. 20:8–11.

16a Mat. 8:27.

b Isa. 44:27; 51:10.

17a 3 Ni. 8:10.

18a Morm. 1:18; Eta 14:1.

b Hir. 13:17.

23a NKM Ruponeso.

24a NKM Nyasha.

26a Mat. 25:46;

Joh. 5:28–29;

VaR. 6:13.

b NKM Kuraswa.

Vanoramba nokutema vaporofita, vakakomberedzwa namadhimoni, vanotsvaka rufaro mukuita zvakaipa. Zvingangove makore 6 Kristu asati azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechimakumi masere namatanhatu, maNifai akaramba ari mune zvakaipa, hongu, kuipa kukuru, “maRamani aichichengetedza mirairo yaMwari, mazerano nomutemo waMosesi.

2 Uye zvakaitika kuti mugore iri pakanga paina Samueri, muRamani, akauya munyika yeZarahemura, akatanga kuparidza kuvanhu. Zvakaitika kuti akaparidza, mazuva akawanda, nezvekutendeuka kuvanhu, vakamukanda kunze, akanga avakuda kudzokera kunyika kwake.

3 Asi tarisai, izwi raIshe rakauya kwaari, richiti anofanirwa kudzokera zvakare, kuti aporfite kuvanhu chero chinhu chinege chauya “mumwoyo make.

4 Zvakaitika kuti vakaramba kuti apinde muguta; naizvozvo akaenda akakwira pamusoro pamasvingo emo, akatambandza maoko ake akasheedzera nezwi rakakwira, akaporofita kuvanhu chero zvinhu izvo Ishe vakange vaisa mumwoyo make.

5 Akati kwavari: Tarisai, ini, Samueri muRamani, ndinotaura mazwi ayo Ishe avanoisa mumwoyo mangu; zvino tarisai aisa mumwoyo mangu kuti nditaure kuvanhu vano kuti

“munondo wekuranga wakarembedzwa pamusoro penyū; uye makore mazana mana haapfuure munondo wekuranga usati wawira pamusoro pevanhu vano.

6 Hongu, “kugaradzwa kukuru kwakamirira vanhu ava, zvechokwadi kuri kuuya kuvanhu ava, hakuna chingaponese vanhu ava kunze kwokutendeuka nokutenda munaIshe Jesu Kristu, avo vachauya zvechokwadi munyika, vachaona matambudziko akawanda vachaurairwa vanhu vake.

7 Uye tarisai, “ngirozi yaIshe yataura izvi kwandiri, ikaunza mashoko ^banofadza kumweya wangu. Zvino tarisai, ndakatumwa kwamuri kuti ndikutaurireiwo, kuti muvewo nemazwi anofadza; asi tarisai maramba kundigamuchira.

8 Naizvozvo, ndizvo zvinotaura Ishe: Nokuda kwokuoma kwemwoyo yevanhu vemaNifai, kunze kwokunge vatendeuka ndichatora shoko rangu kubva kwavari, uye “ndinobvisa Mweya wangu kubva kwavari, handizovachengeta, ndichatendeudza mwoyo yehama dzavo kuti dzivapandukire.

9 Mazana “mana emakore haapfuure ndisati ndaita kuti varwadziwe; hongu, ndichavashanyira nehondo, nenzara, nezvirwere.

10 Hongu, ndichavashanyira ndiri muhasha dzangu dzinotyisa, kuchazove naavo vechizva-

13 1a Hir. 15:4-5.
3a D&Z 100:5.
5a Aruma 60:29;
3 Ni. 2:19.

6a Aruma 45:10-14;
Hir. 15:17.
7a Aruma 13:26.
b Isa. 52:7.

8a Hir. 6:35.
9a Aruma 45:10-12.

ruwa "chechina avo vachararama, vemhandu dzenyu, kuti vaone kuparadzwa chose kwenyu; izvi zvechokwadi zvichauya kunze kwokunge matendeuka, ndizvo zvinotaura Ishe; avo vechizvavruwa chechina ndivo vachakuparadzai.

11 Asi mukatendeuka "mukadzoka kunaIshe Mwari venyu, handizoshatirwa, vanodaro Ishe; hongu, izvi ndizvo zvinotaura Ishe, vakakomborerwa avo vanotendeuka nokutarisa kwandiri, asi nhamo kwaari uyo asingatendeuke.

12 Hongu, "nhamo kuguta guru iri reZarahemura; nokuti tarisai, nokuda kweavo vatsvene raponeswa; hongu, nhamo kune guta iri, vanodaro Ishe, nokuti ndinoona kuti kune vakawanda, vanova ndivo chikamu chikuru chevanhu veguta rino, vachaomesa mwoyo yavo kwandiri, vanodaro Ishe.

13 Asi vakakomborerwa avo vachatendeuka, nokuti ivo ndichavaponesa. Asi tarisai, dai kwanga kusina vanhu vatsvene vari muguta guru rino, tarisai, ndaikonzera kuti "moto udzike kubva kudenga uriparadze.

14 Asi tarisai, kuda kwekuti mune vatsvene kwaita kuti risaparadzwe. Asi tarisai, nguva ichasvika, vanodaro Ishe, yekuti muchabvisa vatsvene kubva pakati penyu, ndipo pamuchazenge magadzirira kuparadzwa; hongu, nhamo ngaive kuguta

rino, nokuda kwekuipa nezvitema zviri mariri.

15 Hongu, uye nhamo kuguta reGidhioni nokuda kwehuipi nezvinyangadzo zviri mariri.

16 Hongu, uye nhamo kuguta ose ari akatenderedza nzvimbo ino nokuda kwehuipi nezvinyangadzo zviri maari.

17 Uye tarisai "kutukwa kuchauya panyika, vanodaro Ishe veHondo, nokuita kwavanhu vari panyika, hongu, nokuda kwokuipa kwavo nezvinonyadzisa zvavo.

18 Zvino zvichaitika, kuti vanodaro Ishe veHondo, ivo Mwari vedu vakuru vechokwadi, kuti uyo "achaviga upfumi muvhu haazouwanizve nokuda kwokutukwa kukuru kwenyika, kunze kwekunge ari munhu mutsvene ogohuviga kunaIshe.

19 Nokuti, vanodaro Ishe, ndichaita kuti vavige upfumi hwavo kwandiri; vanotukwa avo vasingavige upfumi hwavo kwandiri; nokuti hakuna vanoviga hwavo upfumi kwandiri kunze kwokunge vari vatsvene; uyo asingavige upfumi hwake kwandiri, akatukwa, neupfumi hwacho hapana achahuwana nokuda kwekutukwa kwenyika.

20 Zuva richauya ravachaviga upfumi hwavo, nokuti vakaisa mwoyo yavo paupfumi; zvino nokuti vaisa mwoyo yavo paupfumi hwavo, ndichaviga upfumi hwavo pavachatiza mhandu dzavo; nokuti havahuvige

10a 1 Ni. 12:12;
2 Ni. 26:9;
3 Ni. 27:32.
11a 3 Ni. 10:5-7.

12a 3 Ni. 8:8, 24; 9:3.
13a Gen. 19:24;
II Madz. 1:9-16;
3 Ni. 9:11.

17a Hir. 12:18.
18a Morm. 1:18;
Eta 14:1.

kwandiri, Ivo vachitukwa pamwechete neupfumi hwavo; pazuva iroro vacharangwa, vanodaro Ishe.

21 Tarisai imi, vanhu veguta guru rino, “teererai kumazwi angu; hongu, teererai kumazwi anotaurwa nalshe, nokuti tarisai, anoti makatukwa nemhaka yeupfumi hwenyu, upfumi hwenyu hwakatukwa nokuti makaisa mwoyo yenyu pahuri, mukasateerera mazwi euyo akahupa kwamuri.

22 Hamurangarire Ishe Mwari venyu muzvinhu izvo zvaakakukomborerai, asi munorangarira “upfumi hwenyu nguva dzose, asi kwete kutenda Ishe Mwari venyu akazvipa kwamuri; hongu, mwoyo yenyu haisi pedyo nalshe, asi inozvimba kusvika ^bmukuzvikudza, nokushamisira, nokuzvitutumadza kukuru, ^cruchiva, zvitadzo, ruvengo, kutambudza vamwe, umhondi, netsika dzose dzeukuipa kwose.

23 Nokuda kwechikonzero ichi Ishe Mwari vaita kuti nyika iyi ive yakatukwa, pamwechete neupfumi hwenyu, izvi nenzira yezvitadzo zvenyu.

24 Hongu, nhamo kuvanhu ava, nokuda kwenguva ino yavsvika, “munodzinga maporofita, muchivaseka nekuvatsvinyira, nokuvakandira matombo, nokuvauraya, nokuvaitira zvakaipa zvose, sezvavaiita kare.

25 Zvino kana muchinge motaura, munoti: Dai takanga tiri mumazuva “amadzibaba edu akare, tingadai tisina kuuraya vaporofita; tingadai tisina kuvatema namatombo, nokuvarasira kunze.

26 Tarisai makaipa kuvadarika; sezvo Ishe vachirarama, kana “muporofita akauya kwamuri akakutaurirai mazwi alshe anopupura nezve zvivi zvenyu nokuipa kwenyu, ^bmunomushatirirwa, momuisa kunze moedza nzira dzose dzokumuparadza; munoti “muporofita wenhema, uye mutadzi, uye ndewadhiabhorosi, nokuti ^danopupura kuti zviito zvenyu zvakaipa.

27 Asi tarisai, kana munhu akauya kwamuri akati: Itai izvi, hazvina kuipa; zviitei hamuzombotambudzika, akati: Fambai mukuzvikudza kwomwoyo yenyu; Fambai mukuzvikudza kwamaziso enyu, multe zvose zvinoda mwoyo yenyu—kana munhu akauya kwamuri akataura izvi, munomugamuchira, moti “muporofita.

28 Hongu, munomusimudza, modyidzana naye; munomupawo imwe yegoridhe renyu, nesirivha yenyu, muchamushongedza nembatya dzinodhura; nokuti anotaura mazwi “anofadza kwamuri, anoti zvose zvakanaka, zvino hamuone chaika paari.

21a NKM Teerera.

22a Ruka 12:34.

NKM Upfumi;
Zvemunyika.

^b NKM Kudada.

^c NKM Chiva.

24a II Mak. 36:15–16;

1 Ni. 1:20.

25a Mabasa 7:51.

26a II Mak. 18:7;

Ruka 16:31.

^b Isa. 30:9–10.

^c Mat. 13:57.

^d VaG. 4:16.

27a Mika 2:11.

NKM Unyengeri
hwehupirisita.

28a II Tim. 4:3–4.

29 Imi chizvarwa chakashata chakasvipa; imi vanhu vakao-mesa mwoyo nemitsipa, muno-funga kuti Ishe vachasvika rinhi vachikunzwirai tsitsi? Muchata-mbudzika kwenguva yakadini nokutungamirirwa navatungamiri “marema ^bakapofomara? Hongu, muchagara nguva yakadini ‘muchisarudza rima pane ‘chiedza?

30 Tarisai, Ishe vakatokushatirirwai kare; tarisai, vatuka nyika ino nokuda kwokuipa kwenyu.

31 Zvino tarisai, nguva iri kuuya yavachatuka upfumi hwenyu, kuti huve ^ahunotsvedza, zvokuti hamukwanise kuhuchengeta mumaoko enyu; mumazuva eurombo hwenyu hamukwanise kuhuchengeta.

32 Mumazuva eurombo hwenyu muchachema kuna Ishe; muchachemera pasina, nokuti dambudziko renyu rinenge rauya kare matomirira kuparadzwa kwenyu; ndipo pamuchachema nokuhuta nezuya iroro, vanodaro Ishe veHondo. Ndipo pamuchachema, moti:

33 ^aDai ndakatendeuka, ndisina kuuraya maporofita, ^bnekuvate-ma namatombo, nokuvakanda kunze. Hongu, nezuya iroro muchati: Dai takarangarira Ishe Mwari vedu muzuva raakatipa upfumi hwedu, hungadai husina kuve hunotsvedza zvekuti taitadza kuhuchengeta; nokuti tarisai upfumi hwedu hwaenda kubva kwatiri.

34 Tarisai, tinoisa chinhu pano asi mangwana chinenge chaenda; tarisai minondo yedu inotorwa musi watinenge taitsvaga kuti tinorwa.

35 Hongu, tarisai taviga upfumi hwedu hukabva hwa-tsvedza, nokuda kwokutukwa kwenyika.

36 Dai takatendeuka zuva rakauya shoko raIshe kwatiri; nokuti tarisai nyika yakatukwa, zvinhu zvose zvavakutsvedza, hatikwanise kuzvichengeta.

37 Tarisai, takakomberedzwa namadhimoni, takatenderedzwa nengirozi dzake uyo anotsvaga kuparadza mweya yedu. Tarisai, zvitadzo zvedu zvikuru. Ishe, ko hamungabvisi here hashadzenyu kwatiri? Uku ndiko kuchave kutaura kwenyu mazuva iwayo.

38 Asi tarisai, ^amazuva enyu ekuedzwa apfuura; maramba ^bmuchiverengera zuva rokuponeswa kwenyu zvokuti, kudakara manonoka zvokusingaperi, kuparadzwa kwenyu; hongu, nokuti mazuva ose eupenyu hwenyu makaparadza muchitsvaka chamusingawane; uye munotsvaga ‘rufaro mukuita zvakaipa, zvinova zvisingabvumirane netsika yeutsvene huri mune Mutungamiri wedu mukuru Vokusingaperi.

39 Imi vanhu venyika, dai mateerera mazwi angu! Ndinonamata kuti hashadzaIshe

29a 2 Ni. 28:9.
b Mat. 15:14.
c Joh. 3:19.
d Jobo 24:13.

31a Morm. 1:17–18.
33a Morm. 2:10–15.
b Mat. 23:37.
38a Morm. 2:15.

b Aruma 34:33–34.
c Aruma 41:10–11.

dzibviswe kwamuri, kuti mutendeuke mugoponeswa.

CHITSAUKO 14

Samueri anoti kuchazove nechiedza usiku nenyenyedzi itsva pakuzovawira kwaKristu—Kristu anodzikinura vanhu kubva pakufa kwenyama nomweya—Zvimwe zvezvinhu zvairatidza kufa kwake zvaiva mazuva matatu erima, kutsemurwa kwamabwe, nekutibinuka kwezvinhu. Zvingangove makore 6 Kristu asati azvarwa.

ZVAKAITIKA kuti “Samueri muRamani, akaporofita zvinhu zvikuru zvakawanda zvisingakwanise kunyorwa.

2 Zvino tarisai, akati kwavari: Tarisai, ndinokupai chiratidzo; nokuti kuchauya makore mamwe mashanu, kwozouya Mwanakomana waMwari kuzodzikinura avo vose vachatenda muzita rake.

3 Zvino tarisai, izvi ndizvo zvandichakupai “sechiratidzo panguva yekuuya kwake; nokuti tarisai kuchave nechiedza chikuru kudenga, zvokuti usiku ihwohwo asati auya hakuite rima, zvekuti vanhu vachaona sekunge usiri usiku.

4 Naizvozvo, kuchave nezuva rimwe, nousiku nezuva, zvichaita kunge zuva rimwechete risina usiku; izvi zvichava sechiratidzo kwamuri; nokuti muchaziva nezvekubuda kwezuva

nokunyura kwaro zvakare; nokudaro vachaziva zvechokwadi kuti kuchava namazuva maviri nousiku; asi usiku hauzosviba; uhwu hwunenge huri usiku uhwo “asati azvarwa.

5 Zvino tarisai, “nyenyedzi itsva ichabuda, yerudzi rwamusati mamboona; ichiwo chichave chiratidzo kwamuri.

6 Tarisai izvi hazvisizvo zvose, kuchave nezviratidzo neminana yakawanda kudenga.

7 Zvichaitika kuti mose muchashamiswa, mugofunga, zvokuti “muchawira pasi.

8 Zvichaitika kuti avo vose “vachatenda kuMwanakomana waMwari ndivo vachava noupenyu husingaperi.

9 Zvino tarisai, izvi ndizvo Ishe vandiraira, nenzira yengirozi, kuti ndiuye ndikuudzei chinhu ichi; hongu, andituma kuti ndiporofite zvinhu izvi kwamuri, akati kwandiri: chema kune vanhu ava, uchiti tendukai mugadzire nzira yaIshe.

10 Zvino, nokuti ndiri muRamani, uye ndataura kwamuri mazwi ayo Ishe vandiraira, uye nokuti anga akuomerai, mandishatirirwa uye munotsvaga kundiparadza, uye “mandikanda kunze kubva pakati penyuu.

11 Uye muchanzwa mazwi angu, nokuti ndizvo zvandakwirira masvingo eguta rino, kuti munzwe muzive nezvekutonga kwaMwari uko kwakakumirirai nokuda kwokuipa kwenyu, uye

14 1a Hir. 13:2.

3a 3 Ni. 1:15.

4a NKM Jesu Kristu—
Zviporofita

nezvekuzvarwa uye
nerufu rwaJesu
Kristu.

5a Mat. 2:1–2;

3 Ni. 1:21.

7a 3 Ni. 1:16–17.

8a Joh. 3:16.

10a Hir. 13:2.

zvakare kuti mugoziwa zvino-diwa kuti mutendeuke.

12 Uye kuti muzive kuuya kwaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, “Baba vokudenga napasi, Musiki wezvinhu zvose kubvira kumavambo; uye kuti muzive nezvezviratidzo zvo-kuuya kwake kuti muve noku-tenda kuzita rake.

13 “Mukatenda kuzita rake muchatendeuka pazvivi zve-nyu zvose kuti nokudaro muve munowana ruregerero rwazvo ^bnokuda kwake.

14 Zvino tarisai, zvakare, chi-mwe chiratidzo chandinokupai, chiratidzo chokufa kwake.

15 Nokuti tarisai, zvechokwadi anofanira kufa kuti “ruponeso rwuwuye; anofanira kuti afe, kuti aunze ^bkumutswa kweva-kafa, kuti nokudaro vanhu va-gounzwa kunaIshe.

16 Hongu, tarisai, rufu urwu runounza kumutswa, uye “rwu-chinunura vanhu vose kubva murufu rwokutanga—kufa pa-mweya kuye; nokuti vanhu vose, nokuda ^bkwekupunzika kwaAdama ‘vakabviswa pambe-ri paIshe, vanoonekwa ^dsevaka-fa, muzvinhu zvenyika pamwe nezvinhu zvomweya.

17 Asi tarisai, kumutswa kwa-Kristu “kunonunura vanhu vose, hongu, kuchivaunzave kunaIshe.

18 Hongu, zvinoita kuti mute-ndeuke, kuti uyo wose anote-ndeuka iyeye haachazoraswi nokukandwa mumoto, asi uyo asingatendeuke acharaswa no-kukandwa mumoto; kwozouya zvakare kwavari kufa pamwe-ya, rufu rwechipiri, nokuti vaka-raswa zvakare muzvinhu zviri maererano noutsvene.

19 Naizvozvo tendeukai, tende-ukai, nokuti mukuziva zvinhu izvi asi musingazviite mucha-zvipinza mukuraswa, moiswa mukufa kwechipiri.

20 Asi tarisai, sezvandataura kwamuri pamusoro pechimwe “chiratidzo, chiratidzo chorufu rwake, tarisai, nezuya iroro raachafa zuva ^brichadzima rigo-ramba kukupai chiedza charo, pamwechete nemwedzi nenyen-yedzi; kunenge kusina chiedza pamusoro penyika ino, kubvira panguva yaachafa, kwamazu-va ‘matatu, kusvikira panguva iyo achamuka zvakare kubva muvafi.

21 Panguva iyoyo yaachafa kuchave “nemabhanan’ana, ne-mheni kwenguva yakareba, uye nyika ichandengendeka; mato-mbo ose ari panyika ino, ose ari pamusoro napasi penyika, amu-noziva kuti parizvino akasimba, kana kuti chikamu chacho chiku-ru chakabatana, ^bachapwanywa;

22 Hongu, achatsemurwa

12a Mosaya 3:8;

3 Ni. 9:15;

Eta 4:7.

NKM Jesu Kristu.

13a Mabasa 16:30-31.

^b D&Z 19:16-20.

15a NKM Muponesi.

^b Aruma 42:23.

NKM Kumuka

Kuvakafa.

16a NKM Hurongwa

hweRununuro.

^b NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

^c Aruma 42:6-9.

^d NKM Rufu,

rweMweya.

17a NKM Akanunura.

20a 3 Ni. 8:5-25.

^b Ruka 23:44.

^c Mosaya 3:10.

21a 3 Ni. 8:6.

^b 3 Ni. 10:9.

nepakati, akazove anogara aine mitswe, “ari muzvidimbu zvidimbu pasi rose, zvole pamusoro nepasi penyika.

23 Uye tarisai, kuchave nemhepo nedutu guru, uye kuchava namakomo mazinji achakoromoka, kuve senhika, kuchave nenzvimbo dzakawanda dziri pakati pemakomo dzichazove makomo, akareba zvikuru.

24 Nenzira zhinji dzichaparadzwa, “maguta akawanda achasara asina vanhu.

25 “Makuva akawanda achazarurwa, achaburitsa vakawanda vakafa; vatendi vakawanda vachaonekwa nevakawanda.

26 Zvino tarisai, uku ndiko kutaura kwakaitwa “nengirozi kwandiri; nokuti yakati kwandiri kuchava namabanan’ana nemheni kwenguva yakareba.

27 Uye yakati kwandiri apo pakunenge kuchiita mabanan’ana nemheni, nemhepo nedutu, zvinhu izvi zvinofanirwa kuitika, uye kuti “rima rinofanirwa kufukidza pasi rose kwamazuva matatu.

28 Uye ngirozi yakati kwandiri vanhu vakawanda vachaona zvakakura kupfuura izvi, kuti vave nokutenda kuti zviratidzo neminana “izvi zvinofanirwa kuitika pamusoro penyika ino kuti kusava nokusatenda pakati pavana vavanhu—

29 Uye kuti uyo wose achatenda

achaponeswa, uye kuti avo vose vacharamba kutenda “kutongwa kutsvene kuchauya pavari; uye kana vakaraswa inenge iri mhosva yavo.

30 Zvino rangarirai, rangarirai, hama dzangu, kuti uyo wose anofa, anozvikonzera kufa; uye uyo wose anoita zvakaipa, anozviitira pachake; nokuti tarisai, “makasununguka; Mune mvumo yekuita zvinhu zvenyu pachenyu; nokuti tarisai, Mwari vakakupai ^bruzivo vakakuitai vanhu vakasununguka.

31 Vakakupai kuti “muzive chakanaka nechakaipa, uye vakakupai kuti ^bmuzvisarudzire upenyu kana rufu; munokwanisa kuita zvakanaka ‘mugodzorerwa kune izvo zvakanaka, kana kuti izvo zvakanaka zvidzorerwe kwamuri; kana kuti munokwanisa kuita zvakaipa, mogodzorerwa izvo zvakaipa.

CHITSAUKO 15

Ishe vanoranga maNifai nokuti vanovada—MaRamani akapindutswa vakatakamara uye vakasimba mukutenda kwavo—Ishe vachava netsitsi kumaRamani mumazuva ekupedzisira. Zvingangove makore 6 Kristu asati azvarwa.

ZVINO, hama dzangu dzinodiwa, tarisai, ndinotaura kwamuri

22a 3 Ni. 8:18.
24a 3 Ni. 9:3–12.
25a Mat. 27:50–54;
3 Ni. 23:9–11.
26a Aruma 13:26.
27a 1 Ni. 19:10;

3 Ni. 8:3.
28a 1 Ni. 12:4–5.
29a nkm Kutonga,
Kwekupedzisira.
30a 2 Ni. 2:26–29;
Mos. 6:56.

nkm Kuzvisarudzira.
^b nkm Ruzivo.
31a Moro. 7:16.
^b 2 Ni. 2:28–29;
Aruma 3:26–27.
^c Aruma 41:3–5.

kuti kana mukasatendeuka dzi-mba dzenyu dzichasara “dzisina chinhu.

2 Kunze kwokunge matende-uka madzimai enyu achave ano-tongerwa kuchema kukuru pa-zuva iro vachayamwisa; nokuti muchaedza kutiza asi kunenge kusina kwokuhwanda; hongu, uye nhamo kune avo “vane vana vaduku, nokuti vacharemerwa votadza kutiza; naizvozvo vachatsikirirwa pasi vachasiyiwa vachifa.

3 Hongu, nhamo kuvanhu ava vanonzi vanhu vaNifai kana vasina kutendeuka, kana vachinge vaona zviratidzo neminana izvi zvose kana zvichinge zvara-tidzwa kwavari; nokuti tarisai, vanhu vakasarudzwa vaIshe; vanhu vaNifai vakavada, “vakavaranga; mumazuva ekuipa kwavo, vakavaranga nokuti vanovada.

4 Asi tarisai hama dzangu, maRamani akaavenga nokuti kuita kwavo kwakaipa nguva dzose, uku kuipa ^akwetsika dzamadzibaba avo. Asi tarisai, ruponeso rwakauya kwavari kuburikidza nokuparidza kwa-maNifai; nokuda kweizvi Ishe ^bvakapamhidzira mazuva avo.

5 Zvino ndinoti tarisai “vazhinji vavo vari munzira yebasa ravo, vanofamba zvakarurama pamberi paMwari, vanoedza kuchengetedza mirairo nemirau yavo nokutonga maererano nemitemo yaMosesi.

6 Hongu, ndinoti kwamuri, vazhinji vavo vari kuita zvinhu izvi, vari kuedza nesimba ravo rose kuti vaudze avo vakasara vehama dzavo kuti vazive chokwadi; naizvozvo vakawanda vanopamhidzirwa kwavari zuva nezuva.

7 Tarisai, munozviziva imi pachenyu, nokuti makazviona, sezvo vakawanda vavo vakanzwa pakuziva chokwadi, nokuziva kuipa nokurwadza kwetsika dzamadzibaba avo, vachitungamirirwa kutenda magwaro matsvene, kuporofita kwavaporofita vatsvene, izvo zvakanyorwa, zvinovaita kuti vavimbe naMwari, uye nokute-ndeuka, kutenda uku nokute-ndeuka kunounza “kushanduka kwomwoyo kwavari—

8 Naizvozvo vose vakawanda vakauya kuzvinhu izvi, munozviziva imi pachenyu kuti “vakatakamara uye vakasimba mukutenda, nomuzvinhu izvo zvakaita kuti vasunungurwe.

9 Uye zvakare munoziva kuti “vakaviga zvombo zvavo zvehondo, vanotya kuzvitora noku-ti vanofunga kuti vangaerekana vaita chitema; hongu, munoona kuti vanotya kutadza—nokuti tarisai vanobvuma kuti vatsikirirwe nokuuraiwa nemhandu dzavo, vasingasimudzi minondo yavo kuvarwisa, nokuda kworutendo rwavo muna Kristu.

10 Uye zvino, nokuda kwokusimba kwavo pakutenda

15 1a Mat. 23:37–38.

2a Mat. 24:19.

3a Zir. 3:12;

VaH. 12:5–11;

D&Z 95:1.

4a NKM Tsika.

b Aruma 9:16.

5a Hir. 13:1.

7a NKM Kupinduka.

8a Aruma 23:6; 27:27;

3 Ni. 6:14.

9a Aruma 24:17–19.

muzvinhu zvavanenge vachite-nda, nokushinga kwavo apo vanenge vapiwa rujeko, tarisai, Ishe vachavakomborera nokupamhidzira mazuva avo asingarangarire kutadza kwavo—

11 Hongu, kana dai vakave vanoderera mukusatenda Ishe “vachapamhidzira mazuva avo, kudakara nguva iyo yakambotaurwa namadzibaba edu, nemuporofita ^bZenosi, navamwe maporofita vakawanda, maererano “nokudzorerwa kwehama dzedu, maRamani, zvakare kuruzivo rwechokwadi—

12 Hongu, ndinoti kwamuri, mumazuva ekupedzisira “vimbiso dzaIshe dzichasvitswa kuhama dzedu, maRamani; kana dai vari vanhu vachatambudzika zvikuru, vari vanhu ^bvachatinhwa pamusoro penyika vasina pavo, vachivhimwa, vachiurayiwa nokuparadzani-swa vachitizira kune dzimwe nyika, vasina pokuhwanda, Ishe vachava ‘netsitsi navo.

13 Izvi zviriri maererano nehuporofita, kuti “vachaunzwa zvakare paruzivo rwechokwadi, urwo rwuri ruzivo rwoMununuri wavo, ^bmufudzi wavo mukuru wechokwadi, vagoverengwa samakwai ake.

14 Naizvozvo ndinoti kwamuri, zvichave “nani kwavari pane kwamuri kana muchinge musi-na kutendeuka.

15 Nokuti tarisai, “dai mabasa

makuru akaratidzwa kwavari ayo akaratidzwa kwamuri, hongu, kune avo vaderera mukusatenda nokuda kwetsika namagariro amadzibaba avo, munozviona pachenyu kuti havaizomboderera zvakare mukusatenda.

16 Naizvozvo, vanodaro Ishe: Handichazovaparadzira zvachose, asi ndichaita kuti pazuva rangu rokuziva vachadzokera zvakare kwandiri, vanodaro Ishe.

17 Zvino tarisai, vanodaro Ishe, pamusoro pevanhu vamaNifai; kana vasina kutendeuka, nokucherechedza kuita kuda kwangu, “ndichavaparadza zvachose, vanodaro Ishe, nokuda kwokusatenda kwavo ivo vaona mabasa akawanda makuru andakaita pakati pavo: nokuti zvechokwadi sokururama kwaIshe zvinhu izvi zvichavepo, vanodaro Ishe.

CHITSAUKO 16

MaNifai anotenda kuna Samu-eri anobhabhatidzwa naNifai—Samu-eri anotadzikwa nemiseve yavo namatombo emaNifai asingatende-uke—Vamwe vanoomesa mwoyo yavo, vamwe vanoona ngirozi—Vasingatendi vanoti hachizi chinhu chine maturo chokuti vatende muna Kristu nokuuya kwake mu-Jerusarema. Zvingangove makore 6 kusvika ku1 Kristu asati azvarwa.

11a Aruma 9:16.

^b Hir. 8:19.

^c 2 Ni. 30:5-8.

12a Eno. 1:12-13.

^b Morm. 5:15.

^c 1 Ni. 13:31;

2 Ni. 10:18-19;

Jak. 3:5-6.

13a 3 Ni. 16:12.

^b NKM Mufudzi

Akanaka.

14a Hir. 7:23.

15a Mat. 11:20-23.

17a Hir. 13:6-10.

ZVINO zvakaitika kuti kwaiva, nevakawanda vakanzwa mazwi aSamueri, muRamani, izvo akataura pachidziro cheguta. Vose vavo vakatenda mazwi ake, vakaenda vakanotsvaga Nifai; zvino vauya vamuona vakareurura zvivi zvavo kwaari vakasaramba vakada kuti vabhabhatidzwe munaIshe.

2 Asi vakawanda avo vasina kutenda mumazwi aSamueri vakamushatirirwa; vakamukandira matombo nemiseve pachidziro paakanga akamira; asi Mweya walshe wakanga unaye zvokuti havana kukwanisa kumutema namatombo kana kumupfura nemiseve yavo.

3 Zvino zvavakaona kuti vatadza kumutema, kwakava nevakawanda vakatenda kumazwi ake, mukudaro vakaenda kuna Nifai kuti vabhabhatidzwe naye.

4 Zvino tarisai, Nifai aibhabhatidza, achiporofita, nokuparidza, achichemera kutendeuka kwevanhu, achivaratidza zviratidzo neminana, achiita “zvishamiso pakati pavanhu, kuti vazive kuti Kristu ave ^bpedyo kuuya —

5 Achivataurira pamusoro pezvinhu zvakange zvave pedyo kuuya, kuti vazive nokurangarira panguva yazvichauya kuti zvakaziviswa kwavari kare, kuti vagotenda; naizvozvo vakawanda vakatenda kumazwi aSamueri vakaenda kunobhabhatidzwa, nokuti vaiuya nokutendeuka nokureurura zvivi zvavo.

6 Asi vazhinji vavo havana

kutenda kumazwi aSamueri; naizvozvo zvavakaona kuti vakanga vatadza kumutema namatombo nemiseve yavo, vachema kuvatungamiri vavo vachiti. Torai munhu uyu mumusunge nokuti ana dhiabhorosi; nokuda kwesimba radhiabhorosi riri maari tatadza kumutema namatombo nemiseve yedu; saka mutorei mumusunge munde naye.

7 Zvavaienda kuti vaise maoko avo paari, tarisai, akazvikanda pasi kubva pachidziro, akatiza kubva munyika yavo, akatizira kunyika yake, akatangisa kuparidza nokuporofita pakati pavanhu vake.

8 Zvino tarisai, haana kuzombonzwikwa nezvake pakati pamaNifai zvakare; uku ndiko kugara kwavanhu ava.

9 Uku ndiko kwaive kupera kwamakore makumi masere namatanhatu ekutongwa navatongi kwavanhu vaNifai.

10 Saka ndiko kumagumowo kwamakore makumi masere namanomwe ekutongwa navatongi, chikamu chakawanda chakaramba chiri mukuzvikudza nomukuuta zvakaipa, chikamu chiduku chikasara chichifamba zvakarurama, pamberi paMwari.

11 Izvi ndizvo zvaiitika zvakare mugore ramakumi masere namasere ekutongwa nevatongi.

12 Kwakave nokushanduka kushoma-shoma pamagariro aita vanhu, kunze kwekuti vanhu vakatangisa kuva vakaoma mukuita zvakaipa, vachiita izvo

zvakaipa zvakawanda izvo zvaipikisa mirairo yaMwari, mugore ramakumi masere namapfumbamwe rokutonga kwevatongi.

13 Asi zvakaitika kuti mugore rechimakumi mapfumbamwe rokutonga kwevatongi, kwakave nezviratidzo “zvikuru zvakaipiwa vanhu, neminana; mazwi emaporofita ^bakatangisa kuzadzikiswa.

14 Uye “ngirozi dzakazviratidza kuvanhu, vanhu vakachenjera, dzikataura kwavari zvinhu zvinofadza nomufaro mukuru; mugore irori magwaro akatangisa kuzadzikiswa.

15 Kana dai zvakadaro, vanhu vakatanga kuomesa mwoyo yavo, vose kunze kweavo vaitenda vose vamaNifai uye namaRamani vakatangisa kuita zvesimba ravo, nouchenjeri ^ahwavo vachiti:

16 Zvimwe zvinhu vaiita zvo-kufembera, pakati pezvaka-wanda; asi tarisai, tinoziva kuti zvinhu izvi zvose zvikuru nemabasa anoshamisa hazvingaitike, izvo zviriri zvakataurwa.

17 Vakatanga kufunga noku- taura pakati pavo vachiti:

18 “Hazvina musoro kuti munhu uyu Kristu anzi achauya; kana zvakadaro, iye ari Mwanakomana waMwari, Baba vedenga napasi, sokutaurwa kwazvakaitwa, ko zvino sei asingazviratidzi kwatiri sekuzviratidza kwaachaita kune vanenge vari kuJerusarema?

19 Sei asingazviratidzi iye

pachake munyika ino nemunyika yeJerusarema?

20 Asi tarisai, tinoziva kuti “itsika yakaipa, yatakapiwa namadzibaba edu, kuita kuti titende kuzvinhu zvikuru zvinoshamisa zvichaitika, kwete pakati pedu, asi kune imwe nyika iri kure, nyika yatisingazive; saka vanoita kuti tigare tisingazive, nokuti hatikwanisi ^bkuona namaziso edu kuti ndezvechokwadi.

21 Vachaita, nokunyengedza namashiripiti ewakaipa, voita mashiripiti makuru ayo atisinganzwisise, ayo anotigarisa tiri pasi savaranda vamazwi avo, uye savaranda vavo, nokuti tinotarisa kwavari kuti vatidzidzise shoko; saka vachaita kuti tigare tisingazive kana tikateerera zvavanoreva, mazuva ose eupenyu hwedu.

22 Zvinhu zvaka-wanda zvakafungidzira mumwoyo yavo, zvaiva “zvisina maturo; vakakanganiswa zvikuru, nokuti Satani aivafurira kuti varambe vachiita zvakaipa; aienda kuri kwose achitaura makuhwa nokupesana munyika yose. Kuti aomese mwoyo yavanhu maererano nezvainge zvichauya.

23 Vasingatarise zviratidzo neminana izvo zvavaiona pakati pavanhu vaIshe, nezvishamiso zvaka-wanda zvavaiita, Satani akabata zvikuru mwoyo yavanhu pamusoro penyika yose.

24 Uku ndiko kuguma kwogore remakumi mapfumbamwe

13a 3 Ni. 1:4.
b Hir. 14:3-7.
14a Aruma 13:26.

15a Isa. 5:21.
18a Aruma 30:12-13.
20a NKM Tsika.

b Eta 12:5-6, 19.
22a NKM Chisina Maturo.

ekutongwa navatongi kwavanhu vaNifai.

25 Uku ndiko kupera kwe-

bhuku raHiramani, maererano nezvinyorwa zvaHiramani navanakomana vake.

NIFAI WECHITATU BHUKU RANIFAI

MWANAKOMANA WANIFAI, UYO AKANGA ARI MWANAKOMANA WAHIRAMANI

Uye Hiramani akanga ari mwanakomana waHiramani, akanga ari mwanakomana waAruma, akanga ari mwanakomana waAruma, akanga ari chizvarwa chaNifai akanga ari mwanakomana waRihai, uyo akabva kuJerusarema mugore rokutanga rokutonga kwaZedekia; mambo weJuda.

CHITSAUKO 1

Nifai, mwanakomana waHiramani, anobva munyika iyi, mwanakomana wake Nifai anochengeta zvinyorwa — Kana dai zviratidzo nezvishamiso zvakawanda, vakaiipa vanoronga kuuraya vatsvene — Usiku hwekuzvarwa kwaKristu hunosvika — Chiratidzo chinopiwa, uye nyenyedzi itsva inobuda — Manyepo nokunyengedza kunowanda, makororo aGadhiandoni anouraya vakawanda. Ringangove gore 1 kusvika ku4 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVINO zvakaitika kuti gore rechimakumi mapfumbamwe nerimwechete rapfuura pakanga pane makore mazana “matanhata kubva panguva yakabva Rihai kuJerusarema; ndiro gore rakanga Rakoniasi

ari mutongi mukuru nagavhuna wenyika iyi.

2 Uye Nifai, mwanakomana waHiramani akabva munyika yeZarahemura, akaisa mumakoko emwanakomana wake “Nifai, akanga ari mwanakomana wake mukuru, ^bmahwendefa endarira, nezvinyorwa zvose zvakanga zvakanyorwa, nezvinhu zvose zvakachengetwa zvaijera kubva panguva yakabva Rihai kuJerusarema.

3 Zvino akabva abuda munyika umu, “uko kwaakaenda, hakuna munhu anoziva; mwanakomana wake Nifai akachengeta zvinyorwa pachinzvimbo chake, hongu, zvinyorwa zvavanhu vake.

4 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore ramakumi mapfumbamwe nemaviri, tarisai, zviporofita zvevaporofita zvakatanga kuzadzikiswa zvizere;

[3 NIFAI]

1 1a 2 Ni. 25:19.

2a NKM Nifai,

Mwanakomana
waNifai,
Mwanakomana

waHiramani.

^b Aruma 37:3–5.

3a 3 Ni. 2:9.

nokuti kwakatanga kuva nezviratidzo zvikuru nezvishamiso zvikuru zvakaonekwa pakati pavanhu.

5 Asi kwakanga kune vamwe vakatanga kuti nguva yakanga yapfuura kuti mazwi aya achizadzikiswa, ayo “akataurwa naSamueri muRamani.

6 Uye vakatangisa kufara kune kunyomba pamusoro pehama dzavo vachiti: Tarisai nguva yapfuura, mazwi aSamueri haasati azadzikiswa; naizvozvo, kutenda kwenyu nokufara kwenyu maererano nezvinhu izvi hakuna zvakwakayamura.

7 Uye zvakaaitika kuti makava nezhowe-zhowe munyika yose; vanhu vanotenda vakatanga kuva nokutya kuti zvimwe zvinhu zvakataurwa zvingangotadza kuitika.

8 Asi tarisai, vakatarisira zvikuru pazuva iroro nousiku hwaro, nezuva iroro iro raizova zuva iro rinenge risina usiku, kuti vagoziva kuti kutenda kwavo kwanga kusiri kwenhando.

9 Zvakaaitika kuti, kwakave nezuva rakaiswa parutivi neavo vakanga vasingatende, kuti avo vose vaitenda kutsika idzi vaifanirwa “kuuraiwa kunze kwokunge chiratidzo ichi chaitika, zvakataurwa naSamueri muporofita.

10 Zvino zvakaaitika kuti apo Nifai, mwanakomana waNifai, akaona kuipa kwavanhu vake,

mwoyo wake wakava unorwadzwa zvikuru.

11 Uye zvakaaitika kuti akaenda akandopfugama pasi, akachema zvikuru kuna Mwari vake akachemera vanhu vake, hongu, avo vakange vave kuda kuto-paradzwa nokuda kwetsika dzamadzibaba avo.

12 Uye zvakaaitika kuti akachema zvikuru kuna Ishe, zuva “rose; zvino tarisai, izwi raIshe rakauya kwaari richti:

13 Simudza musoro wako uve munhu anofara; nokuti tarisai, nguva yasvika, uye usiku hwuno chiratidzo chichapiwa, “ramangwana ini ndichava panika, kuzoratidza nyika kuti ndinozadzikisa izvo zvose zvandakaita kuti ^bzvitaurewe nemirromo yevaporofita vangu vatsvene.

14 Tarisai, “ndinouya kune vangu, ^bkuzozadzikisa zvinhu zvose zvandakaita kuti zvizivikanwe kuvana vavanhu kubvira “kumavambo enyika, nokuzoita kuda “kwevose kwaBaba nokweMwanakomana—kwaBaba pamusana pangu, nokweMwanakomana pamusana penyama yangu. Uye tarisai nguva yasvika, usiku huno chiratidzo chichapiwa.

15 Uye zvakaaitika kuti mazwi akauya kuna Nifai akazadzikiswa, sokataurwa kwaakanga aitwa; nokuti tarisai, pakudoka kwezuya “hakuna kuita rima;

5a Hir. 14:2–4.

9a NKM Kuponderwa Chitendero.

12a Eno. 1:4; Aruma 5:46.

13a Ruka 2:10–11.

b NKM Jesu Kristu—Zviporofita nezvekuzvarwa uye nerufu rwajesu Kristu.

14a Joh. 1:11.

b Mat. 5:17–18.

c Aruma 42:26.

d D&Z 93:3–4.

15a Hir. 14:3.

vanhu vakatanga kushamiswa nokuti kwakanga kusina rima apo usiku hwakauya.

16 Uye kwakange kuine vakawanda, avo vakange vasina kutenda mazwi emaporofita, “vakapunzikira pasi vakaita sevakafa, nokuti vakanga vavakuziva kuti ^bhurongwa hukuru huya hwavakanga vagadzirira avo vose vakatenda mazwi emaporofita rakanga ratoraswa, nokuti chiratidzo chakanga chapiswa chakanga chatova pedyo.

17 Uye vakatanga kuziva kuti Mwanakomana waMwari akanga ava pedyo nokuzviratidza mukunaka, hongu, zve muchidimbu vanhu vose vakanga vari panyika kubva kumabvazuva nokumadokero, vose vari kumaodzanyemba nokuchamhembe vakashamiswa zvikuru vakawira pasi.

18 Nokuti vaiziva kuti maporofita vakanga vapupura kuzvinhu izvi kwemakore akawanda, uye nechiratidzo chakanga chapiswa chakanga chasvika; vakatangisa kutya pamusana pokupipa kwavo nokusatenda kwavo.

19 Zvakaitika kuti hakuna kumboita rima pausiku ihwohwo hwose, asi kwakanga kwakachena semasikati. Uye zvakaitika kuti zuva rakabuda mangwanani zvakare sekuita kwaro kwemazuva ose; vakaziva kuti izuva iro Ishe “ravachaberekwa nokuda kwechiratidzo chakapiwa.

20 Uye zvakanga zvaitika, hongu, zvinhu zvose, nekakaita sei zvako, maererano nemashoko amaporofita.

21 Uye zvakaitikawo kuti “nyenyedzi itsva yakaonekwa, maererano neshoko.

22 Uye zvakaitika kuti kubvira panguva iyoyi kwakatangisa kuva namanyepo akataurwa pakati pavanhu, naSatani, kuti aomese mwoyo yavo, kuti vasave nokutenda muzviratidzo neminana zvavakanga vaona; kana dai pakange paine manyepo aya nokunyengedza, vanhu vazhinji vakatenda, vakatendeuka vakadzokera kuna Ishe.

23 Uye zvakaitika kuti Nifai akaenda mukati mavanhu, navamwe vakawanda, akabhabhatidza mukutendeuka, mukudaro pakava “nokuregererwa kwezvivi kukuru. Uye saka vanhu vakatanga kuva norunyararo zvakare munyika.

24 Uye pakanga pasisina kupesana, kunze kwevashoma vakatanga kuparidza, vachiedza kuratidza nemagwaro kuti zvakanga “zvisisakoshe kuchengegedza mutemo waMosesi. Zvino muchinhu ichi vakakanganisa, nenzira yekunge vasina kunzwisisa magwaro.

25 Asi zvakaitika kuti vakazove vakadzorwa, uye vakapwiswa pamusoro pekukanganisa kwavo, nokuti vakazoziviswa kuti mutemo wakanga usati “wazadzikiswa, nokuti unoto-

16a Hir. 14:7.

b 3 Ni. 1:9.

19a Ruka 2:1–7.

21a Mat. 2:1–2;

Hir. 14:5.

23a NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

24a Aruma 34:13.

25a Mat. 5:17–18.

fanirwa kuzadzikiswa mukamukira kose; hongu, shoko rakauya kwavari kuti zvakafanira kuzadzikiswa; hongu, kuti kana kai zvako hakafanire kupfuura kudakara zvose zvazadzikiswa; naizvozvo mugore irori vakasvika pakuziva kutadza kwavo uye ^bvakareurura kukanganisa kwavo.

26 Uye ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi mapfumbamwe namaviri, richiunza zvinhu zvinofadza kuvanhu pamusana pezviratidzo izvo zvakanga zvaitika, maererano namazwi echiporofita chamaporofita vatsvene vose.

27 Uye zvakaitika kuti gore rechimakumi mapfumbamwe nematatu rakapfuurawo murunyararo, kunze kwemakororo aGadhiandoni, aigara mumakomo, akanga azere nyika yose; nokuti nzvimbo dzavo dzakange dzakasimba nenzvimbo dzavo dzakavanzika zvekuti vanhu havaikwanisa kuakurira; naizvozvo akauraya vanhu vakawanda zvikuru, akaponda vakawanda pakati pavanhu.

28 Uye zvakaitika kuti mugore ramakumi mapfumbamwe namana vakatanga kuwanda zvikuru, nokuti kwakava navanhu vakawanda vechiNifai vakatizira kwavari, zvakakonzerwa kusuwa kukuru kuvanhu vechiNifai vakasara vagere munzvimbo iyi.

29 Uye chakave chikonzero zvakare chokuswa kukuru pakati

pamaRamani; nokuti tarisai, vakava navana vakawanda avo vakakura vakava vanhu vakuru vanozviriritira, vakada kuve pachavo, uye vakatungamirirwa navamwe vamaZoram, nokuda kwamanyepo namazwi avo anonyengedza, kuti vabatane namakororo aGadhiandoni.

30 Uye saka namaRamani akatambudzikawo zvikuru, vakatanga kudzikira pakutenda noutsvene hwavo, nokuda kwekuipa kwechizvarwa chakanga chichikura.

CHITSAUKO 2

Uipi noruvengo zvinowanda muvanhu — MaNifai nemaRamani vanobatana kuti vazvidziwirire kumakororo aGadhiandoni — MaRamani akapinduka anove vachena uye vobva vadaidzwa kuti maNifai. Zvingangove makore 5 kusvika ku16 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi mapfumbamwe nemashanuwo, uye vanhu vakatanga kukanganwa zviya zviratidzo neminana zvavakanga vanzwa, vakatanga kusashamiswa zvakananyanya nechiratidzo kana munana wabva kudenga, zvekuti vakatanga kuoma mumwoyo yavo, nekupofomara mupfungwa, uye vakatanga kusatenda zvose zvavakanga vanzwa nezvavakaona —

2 Vachifunga zvinhu zvisina maturo mumwoyo yavo, kuti zvakaunzwa nevanhu nesimba radhiabhorosi, kutora “noku-nyengedza mwoyo yevanhu; uye ndikwo kutora kwakaita Satani mwoyo yevanhu zvakare, zvekuti akavapofomadza maziso uye akavatungamirira mukudaira kuti dzidziso yaKristu ndeyeurema uye isina maturo.

3 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatanga kusimba muupi noruvengo; uye vakasatenda kuti kuchaita zviratidzo kana minana zvichapiwa; uye Satani “akafamba-famba, achitora mwoyo yevanhu, achivaedza nokuita kuti vaite uipi hwakanyanya munyika.

4 Uye saka ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi mapfumbamwe nematanhatu; uye rechimakumi mapfumbamwe nemanomwewo; uye kana rechimakumi mapfumbamwe nemasere; nairowo rechimakumi mapfumbamwe nemapfumbamwe;

5 Uye zvakare kwakanga kwaperawo zana remakore kubvira kumazuva “aMosaya, akanga ari mambo wevanhu vemaNifai.

6 Uye mazana matanhatu emakore ane makore mapfumbamwe akanga apfuura kubvira nguva yakabva Rihai kuJerusarema.

7 Uye kwakanga kwapfuura makore mapfumbamwe kubvira panguva yakapiwa chiratidzo, icho chakanga chataurwa

nezvacho nemaporofita, kuti Kristu achauya panyika.

8 Zvino maNifai akatanga kuverenga nguva kubvira panguva iyoyo pakapiwa chiratidzo, kana kubvira pakuuya kwaKristu; naizvozvo, makore mapfumbamwe akanga apfuura.

9 Uye Nifai, akanga ari baba waNifai, akanga akachengeta zvinyorwa, “haana kudzokera kunyika yeZarahemura, uye akanga asisawanikwe kupi zvakwo munyika yose.

10 Uye zvakaitika kuti vanhu vakaramba vari mukuipa, zvisinei nekuparidzirwa nekuporofitwa kwakanyanya kwakanga kwatumirwa mukati mavo; uye ndikwo kupfuura kwakaita gore rechigumiwo; uye kana rechigumi nerimwechete rakapfuurawo muupi.

11 Uye zvakaitika kuti mugore regumi nematatu kwakatanga kuve nehondo nekupesana munyika; nokuti makororo aGadhi-andoni akanga awanda zvikuru, uye akauraya vanhu vakawanda, uye akaparadza maguta mazhinji, uye akaparadzira rufu nokuponda kukuru munyika yose, zvekuti zvakaonekwa kuti zvinofanira kuti vose vanhu, vose maNifai nemaRamani, vakafanira kutora zvombo kuti vaarwise.

12 Naizvozvo, vose maRamani vakanga vapindukira kunaIshe vakabatana nehama dzavo, maNifai, uye vakamanikidzwa, nokuda kwekudzivirira upenyu

hwavo nehwe madzimai avo nevana vavo, kuti vatore zvombo varwise vava makororo aGadhiandoni, hongu, uye nokuti vachengetedze kodzero dzavo, dzechechi yavo nokunamata kwavo, “nerusununguko rwavo”^b nokuzvitonga kwavo.

13 Uye zvakaitika kuti gore iri rechigumi nematatu risati rapfuura maNifai vakanga vovhundutsirwa nokuparadzwa zvachose nehondo iyi, yakanga yatoipa chaizvo.

14 Uye zvakaitika kuti ayo maRamani akanga abatana nemaNifai akanga ave kuverengerwa kumaNifai;

15 Uye “kutukwa kwavo kwakabviswa pavari, uye ganda ravo rikave”^b jena seremaNifai;

16 Uye majaya avo nevanasikana vavo vakaita runako rwakachena zvikuru, uye vakaverengerwa kumaNifai, uye vakadaidzwa kunzi maNifai. Uye ndiko kupera kwakaita gore regumi nematatu.

17 Uye zvakaitika kuti mukutanga kwegore rechigumi nemana, hondo yaive pakati pemakororo nevanhu vaNifai yakaenderera uye ikave inorwadza zvikuru; zvisinei, vanhu vaNifai vakawana simba kupfuura remakororo, zvekuti vakaatandanisa munyika mavo vakaatinhira kumakomo neku-nzvimbo dzao dzeruvande.

18 Uye ndiko kupera kwakaita gore regumi nemana. Uye mugore rechigumi nemashanu vakauya kuzorwisa vanhu

vaNifai; uye pamusana peupi hwevanhu vaNifai, nokupesana kwavo kwakawanda nokupanduka, makororo aGadhiandoni akavakurira kwazvo.

19 Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechigumi nemashanu, uye saka vanhu vakanga vari mukati mekurwadziswa kwakanyanya; uye “munondo wekuparadzwa wakanga uchiremba pamusoro pavo, zvekuti vakanga vave pedyo pekubaiwa nawo, uye izvi zvichikonzerwa nekutadza kwavo.

CHITSAUKO 3

Gidhiyanihai, mutungamiri wemaGadhiandoni, anoti Rakoniasi nemaNifai vazvipire kwaari zvozenyika yavo—Rakoniasi anoisa Gidhigidhonai semutungamiri mukuru wemauto—MaNifai anoungana muZarahemura nemuMauga kuti vazvirwire. Zvingangove makore 16 kusvika ku18 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti mugore rechigumi nematanhatu kubva mukuuya kwaKristu, Rakoniasi, gavhuna wenyika, akatambira tsamba yakabva kune mutungamiri nagavhuna wechikwata ichi chemakororo; uye aya ndiwo mazwi akanga akanyorwa, achiti:

2 Rakoniasi, unokudzwa uye gavhuna mukuru wenyika, tarisai, ndinonyora iyi tsamba kwauri, uye ndinokurumbidza zvikuru pamusoro pekuoma

12a NKM Kusununguka.
b NKM Rusununguko.

15a Aruma 17:15; 23:18.
b 2 Ni. 5:21; 30:6;

Jak. 3:8.
19a Aruma 60:29.

kwako, nokusimba kwevanhu vako, mukuchengetedza izvo zvamunofunga kuti ikodzera zvenyu nerusununguko rwenyu; hongu, munomira zvakanaka, sekunge makatsigirwa neruoko rwechimwari, mukurwira kuvzitonga kwenyu, nepfuma yenyu, nenyika yenyu, kana kuti icho chamunodaidza kudaro.

3 Uye zvinondiitisa tsitsi ini, iwe anokudzwa zvikuru Rakoniasi, kuti uremare zvakadaro uye uzvikudze kuti ufunge kuti ungarwisane nevanhu vakawanda zvakadai vasingatye vari pasi pangu, iye zvino panguva ino vamire nezvombo zvavo, uye vamire vachida zvikuru kuudzwa izwi rekuti—Endai kumaNifai muvaparadze.

4 Uye ini, nokuziva kwandinaita mweya wavo wekusakurirwa, zvandakaona vachirwa, uye nokuziva ruvengo rwavo rwusingaperi kwamuri pamusana pezvamakavatadzira zvakanaka, saka vakauya kuzokurwisai vanokushanyirai nokukuparadzai zvachose.

5 Naizvozvo ndanyora tsamba iyi, ndichinama neruoko rwangu pachangu, ndichinzwira magariro ako akanaka, pamusana pekusimba kwako mune zvaunovimba kuti zvitsvene, nemweya wako unokudzwa muhondo.

6 Naizvozvo ndinonyora kwauri, ndichikumbira kuti zvipire kune vanhu vangu ava, maguta enyu, nyika dzenyu, nezvinhu

zvenyu, pane kuti vakushanyirei nemunondo uye kuparadzwa kugouya kwamuri.

7 Kana kuti nemamwe mazwi, zvipirei kwatiri, uye batanai nesu uye mugojairana nemabasa edu “emuruvande, uye muve hama dzedu uye mugove sesu—kwete nhapwa dzedu, asi hama dzedu uye mugove vamwe vedu muzvinhu zvose zvedu.

8 Uye tarisai, “ndinopika kwauri kana mukaita izvi, nechitsidzo, hamuzoparadzwa; asi kana mukasaita izvi, ndinopika kwauri nechitsidzo, kuti mumwedzi wamangwana ndichaudza mauto angu kuti azokurwisai, uye havazosikiza kana kusiya, asi vachakuurayai, uye vacharegerera munondo pamuri kudakara musisipo.

9 Uye tarisai, ini ndini Gidhiyanihai; uye ndini gavhuna weboka “reruvande iri rinonzi raGadhiandoni; riiri boka rakanaka nemabasa aro ^bakanaka; uye ‘ndeepasichigare uye akagashidzwa kwatiri.

10 Uye ndinonyora iyi tsamba kwauri, Rakoniasi, uye ndinovimba kuti uchatipa nyika dzako nezvinhu zvenyu, pasina kuderurwa kweropa, kuti ava vanhu vangu vatore zvinovakodzera nehurumende, avo vakabuda kubva kwauri pamusana peuipi hwako mukuvatorera mvumo yavo nehurumende, uye kunze kwekunge waita izvi, ndichatsividza kutadzirwa kwavo. Ndini Gidhiyanihai.

3 7a Hir. 6:22–26.

8a Eta 8:13–14.

9a NKM Huranganwa

hwemuruvande.

b Aruma 30:53.

c Hir. 6:26–30;

Mos. 5:29, 49–52.

11 Uye zvino zvakaitika kuti Rakoniasi akashamiswa kwazvo paakatambira tsamba iyi, pamusana pekusatya kwaGidhiyanihai kuti ati anoda nyika yemaNifai, nokutyisidzira vanhu nokutsividza kutadzirwa kweavo vasina kumbotadzirwa, kunze kwekuti ivo vakanga "vazvitadzira nekupanduka vachienda kumakororo aye ane uipi neruvengo.

12 Zvino tarisai, Rakoniasi uyu, gavhuna wenyika, akanga ari munhu akarurama, uye asi-ngatye kana kutyisidzirwa nezvinodiwa "negororo; naizvozvo haana kuteerera tsamba yaGidhiyanihai, gavhuna wemakororo, asi akaita kuti vanhu vake vachemere simba kuna Ishe kuitira nguva ichauya makororo aya kuzovarwisa.

13 Hongu, akatumira shoko mukati mevanhu vose, kuti vaunganidze pamwechete madzimai avo, nevana vavo, matanga avo, nezvinhu zvavo, kunze kweminda yavo, panzvimbo imwechete.

14 Uye akaita kuti nzvimbo idzodzo dzivakirirwe kuti dzidzimirirwe, uye simba racho richibva rakura chaizvo. Uye akaita kuti mauto, ose emaNifai neemaRamani, kana kuti kune vose vaiverengerwa kumaNifai, vaitwe varindi vanotarisa zvose zvakavakomberedza, nokuvatarira nokuvadzivirira kumakororo siku nesikati.

15 Hongu, akati kwavari: Sezvo Ishe vari mupenyu, kunze

kwekunge matendeuka mukupipa kwenyu kwose, uye mugochema kuna Ishe, hakuna nzira yamungabviswe nayo mumao emakororo aya aGadhia-ndoni.

16 Uye mazwi nekuporofita kwaRakoniasi zvaive zvikuru zvichishamisa zvekuti zvakanzera kutya muvanhu; uye vakaisa simba ravo mukuita zviri maererano nemazwi aRakoniasi.

17 Uye zvakaitika kuti Rakoniasi akaisa vatungamiri vakuru kumauto ose emaNifai, kuti vavutungamire panguva ichauya makororo kubva murenje kuzovarwisa.

18 Zvino mukurukuru pakati pevatungamiri vakuru vose uye mukuru wemauto ose emaNifai akagadzwa, uye zita rake raive "Gidhigidhonai.

19 Zvino yaive tsika mukati memaNifai ose kuisa semukuru mukuru wemauto avo, (kunze kwenguva dzavainge vari muchitema) munhu ainge aine mweya wekuzarurirwa nemweyawo "wechiporofita; naizvozvo, Gidhigidhonai uyu, aive muporofita mukuru mukati mavo, sezvakanza zvakaitawo mutongi mukuru.

20 Zvino vanhu vakati kuna Gidhigidhonai: Namata kuna Ishe, uye vatirege tiende kumakomo nemurenje, kuti tiwire pamusoro pemakororo uye tiaparadze munyika dzao iwo.

21 Asi Gidhigidhonai akati kwavari: Ishe "havadi; nokuti kana tikaenda kunovarwisa Ishe

^bvachatiisa mumaoko avo; nai-zvozvvo tichazvigadzirira tiri pakati penyika yedu, uye tichaunganidza mauto edu pamwechete, uye hativaendere, asi tinomira kusvika ivo vauya kuzotirwisa; naizvozvvo sezvo Ishe vari mupenyu, kana tikaita izvi vachavaisa mumaoko edu.

22 Uye zvakaitika kuti mugore rechigumi nemanomwe, mukupera kwegore, shoko raRakoniasira kanga raenda pauso hwose hwenyika, uye vakanga vatora mahachi avo, nengorovhani dzavo, nemombe dzavo, nematanga avo, nembeu dzavo, nezvinhu zvavo zvoze, uye vakafora vari zviuru nezviuru nemakumi ezviuru, kudakara vose vaenda kunzvimbo yakanga yanzi ndiyo yavanoungana pamwechete, kuti vazvidzvirire kuvavengi vavo.

23 Uye nyika yakanga yataurwa yaiva nyika yeZarahemura, nenyika yaive pakati penyika yeZarahemura nenyika yeMaguta, hongu, nokumutsetse waive pakati penyika yeMaguta nenyika yeKuparadzwa.

24 Uye kwaive nezviuru zvizhinji zvevanhu vainzi maNifai, vakaungana pamwechete munyika iyi. Zvino Rakoniasira akaita kuti vaungane pamwechete munyika yechekumaodzanyemba, pamusana pekutukwa kukuru kwaive “munyika yechechuchamhembe.

25 Uye vakazvivakirira kuzvidzvirira kuvavengi vavo; uye

vakagara munyika imwechete, uye vari boka rimwechete, uye vaitya mazwi akanga ataurwa naRakoniasira, zvekuti vakate ndeuka muzvitema zvavo zvoze; uye vakaisa minamoto yavo kuna Ishe Mwari vavo, kuti “vavaponese munguva ichauya vavengi vavo kuzovarwisa.

26 Uye vakanga vakasuwa zvikuru pamusana pevavengi vavo. Uye Gidhigidhonai akaita kuti vagadzire “zvombo zvehondo zvemarudzi ose, uye vaifanira kuve vakasimba nezvipfeko zvehondo, nenhowo, nezvimwe, vachitevedza zvavakanga varairwa naye.

CHITSAUKO 4

Mauto emaNifai anokurira makororo aGadhiandoni—Gidhiyanihai anouraiwa, uye anotora nzvimbo yake, Zemunaraya, anosungirirwa—MaNifai anorumbidza Ishe nokukunda kwavo. Zvingangove makore 19 kusvika ku22 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mukupera kwegore rechigumi nemasere mauto aye emakororo akanga agadzirira hondo, uye akatanga kudzika uye achikurumidza kubva muzvikomo, nemumakomo, nemurenje, nemunzvimbo dzao dzakasimba, nenzvimbo dzao dzemuruvande, uye akatanga kutora nyika, dzose dzai-ve kumaodzanyemba nedzaive kuchamhembe, uye akatanga

kutora matunhu ose akanga “asiywa nemaNifai, nemaguta akanga asiiwa ave matongo.

2 Asi tarisai, makanga musina mhuka dzesango kana dzenyama munzvimbo idzodzo dzakanga dzasiywa nemaNifai, uye makanga musina mhuka dze-kuti makororo abaye, kunze kwekunge aenda murenje.

3 Uye makororo haaikwanisa kurarama kunze kwekunge ari murenje, nokushaika kwekudya; nokuti maNifai akanga asiya nyika yavo yave gwenga, uye vakanga vaunganidza matanga avo nezvose zvavaive nazvo, uye zvakanga zviri pamwechete sechinhu chimwechete.

4 Naizvozvo, pakanga pasina mukana wekuti makororo apwanye agowana zvekudya, kunze kwekutouya pachena ozorwa nemaNifai; uye maNifai vakanga vave boka rimwechete, uye vari vakawanda zvikuru, uye vakazvirongedzera zvekudya, nemahachi nemombe, nezvipfuyo zvakasiyana zveмарудзи ose, kuti vagorarama kwemakore anokwana manomwe, munguva iyi vaivimba kuti vainge vakwanisa kuparadza makororo aya asisiri panyika; uye ndiko kupfuura kwakaita gore rechigumi nemasere.

5 Uye zvakaitika kuti mugore rechigumi nepfumbamwe Gidhiyanihai akaona kuti zvaitofanira kuti aende anorwisana nemaNifai, nokuti havana imwe nzira yavaipona nayo kunze kweku-paza nekuba nokuponda.

6 Uye vaitya kuti vapararire nenyika kuti varime mbeu, nokuti maNifai aigona kuvavinga akavauraya; naizvozvo Gidhiyanihai akapa murau kumauto ake kuti mugore iri vakafanira kuenda kunorwisa maNifai.

7 Uye zvakaitika kuti vakauya kuzorwa; uye makanga muri mumwedzi wechitanhatu; uye tarisai, zuva iroro ravakauya kuzorwa rakave guru raityisa; uye vakanga vakapfeka sekupfeka kunoita makororo; uye vakange vaine dehwe rehwei muchiuno, uye vakazvizora ropa, uye misoro yavo yakanga yakaguswa, uye vakanga vaine zvidzitiro zveummisoro; uye mauto aGidhiyanihai airatidzika zvinotyisa, pamusana pezvakavakanga vakapfeka, nepamusana pekuzvizora ropa.

8 Uye zvakaitika kuti mauto emaNifai, zvaakaona kusvika kwemauto aGidhiyanihai, akawira pasi ose, vakasimudzira kuchema kwavo kuna Ishe Mwari wavo, kuti avaponise uye avabvise mumaoko evavengi vavo.

9 Uye zvakaitika kuti mauto aGidhiyanihai paakaona izvi akatanga kudaidzira nezwi guru, pamusana pekufara kwavo, nokuti vakafunga kuti maNifai awira pasi pamusana pekutya kutyisa kwemauto avo.

10 Asi muchinhu ichi vakagumburwa, nokuti maNifai akanga asingavatye; asi “vaitya Mwari vavo uye vakamukumbira kuti avadzivirire; naizvozvo, mauto

aGidhiyanihai paakamhanyira kwavari vakanga vakagadzirira kusangana navo; hongu, musimba raIshe vakavagashira.

11 Uye hondo yakatanga mumwedzi uyu wechitanhatu; uye pakaita hondo yakaipa kwazvo yakarwiwa, hongu, pakaurayana pakabayanwa zvakaipa, zvekuti hakuna kumboonekwa kuuraiwa kwakadaro muvanhu vose vaRihai kubvira kubva kwaakaita kuJerusarema.

12 Uye zvisinei “nekutyisidzira nezvitsidzo zvakaitwa naGidhiyanihai, tarisai, maNifai vakavakurira, zvekuti vakavamba kudududza vachibva kwavari.

13 Uye zvakaitika kuti “Gidhigidhonai akati mauto ake avatandanise kudakara kumuganhu nerenje, uye nokuti havaifanira kuregerera kana mumwechete zvake anenge awira mumaoko avo mukutiza kwavo, uye saka vakavatevera vakavauraya, kusvika kumuganhu werenje, kusvika vazadzikisa murairo waGidhigidhonai.

14 Uye zvakaitika kuti Gidhiyanihai, akanga amira akarwa asingatye, akateverwa ave kutiza; uye sezvo akanga aneta nokurwa zvakanyanya akabatwa akauraiwa. Uye ndiko kupera kwakaita Gidhiyanihai gororo.

15 Uye zvakaitika kuti mauto emaNifai akadzokera zvakare kunzvimbo dzavo dzakadzivirirwa. Uye zvikaitika kuti gore rechigumi nemapfumbamwe rapkapfuura, uye makororo haana kuuya zvakare kuzorwa; kana

mugore rechimakumi maviri haana kuuya zvakare.

16 Uye mugore rechimakumi maviri nerimwechete haana kuuya kuzorwa, asi akauya nemativi ose akakomberedza vanhu vaNifai; nokuti aifunga kuti akavadimura vanhu vaNifai kusvika kuminda yavo, uye akavakomberedza kunhivi dzose, uye akavachengetedza vasingakwanisi kuenda kunze, aizovaita kuti vazvipire kwaari zviri izvo zvaaida.

17 Zvino vazvisarudzira pachezvavo akanga aisa mumwe mutungamiri, zita rake ainzi Zemunaraya; naizvozvo ndiye Zemunaraya akakonzero ati kukomberedzwa uku kutore nzvimbo.

18 Asi tarisai, izvi zvakanga zvakanakira maNifai; nokuti zvakanga zvakaoma kuti makororo aya akombe kwenguva refu ingazorwadza maNifai, nenzira yekudya kwakawanda kwavakanga vachengeta,

19 Uye nepamusana peku-shomeka kwezvokudya pakati pemakororo; nokuti tarisai, hapana chavaive nacho kunze kwenyama chete kuti apone, iri nyama yavaiwana murenje;

20 Uye zvakaitika kuti mhuka “dzesango dzakaita shoma murenje zvekuti makororo aya akada kupera kufa nenzara.

21 Uye maNifai vakaramba vachifora kunze siku nesikati, uye vachiwira pamusoro pemauto awo, uye vachiadimura zviuru nemakumi ezviuru.

22 Uye saka chakave chido chevanhu vaZemunaraya kuti vabve mukuronga kwavo, pamusana pekuparadzwa kukuru kwaiuya kwavari usiku nemasikati.

23 Uye zvakaitika kuti Zemunaraya akati vanhu vake vabve mukukomba kwavakanga vakaita, uye vaende kumusoro-soro kwenyika yekuchamhembe.

24 Uye zvino, Gidhigidhonai aziva zano ravo, uye achizivawo kusasimba kwavo pamusana pekushaya zvekudya, nokuuraiwa kwakaipa kwavakanga waitwa, naizvozvo akatumira mauto ake munguva yeusiku, uye akavadimudzira mukudududza kwavo, uye akaisa mauto ake munzira mavaitiza namo.

25 Uye izvi vakazviita munguva yeusiku, uye vakafora kupfuurira makororo aya, zvekuti ave mangwana, makororo paakatanga kufora kwawo, akasanganikwa nawo nemauto emaNifai kwose mberi kwawo neshure kwawo.

26 Uye makororo akanga ari nechekumaodzanyemba akadimurirwawo nzvimbo dzawo dzekutizira. Uye zvole zvinhu izvi zvakaitwa nekutuma kwaGidhigidhonai.

27 Uye kwakaita vazhinji vavo zviuru zvakawanda vakazvipira sevasungwa kumaNifai, uye vamwe vavo vole vakauraiwa.

28 Uye mutungamiri wavo, Zemunaraya, akatorwa akasungirirwa mumuti, hongu, kana

pamusoro pawo kudakara afa. Uye pavakanga vamusungirira kudakara afa, vakatema muti ukawira pasi, uye vakachema nezwi guru, vachiti:

29 Ishe ngavachengetedze vanhu vavo vari mukururama nomuutsvene hwemwoyo, kuti vagoita kuti vawisirwe pasi avo vole vanotsvaka kuvauraya pamusana pesimba nezvikwata zvemuruvande, sekurigirwa kwaitwa murume uyu pasi.

30 Uye vakafara vakachema zvakare nezwi rimwechete, vachiti: “Mwari vaAbrahama, naMwari vaIsaka, naMwari vaJakobo, dzivirirai vanhu avo mukururama, kana vari ^bvandaidza zita raMwari vavo kuti vadzivirirwe.

31 Uye zvakaitika kuti vakatanga vole, semunhu mumwechete, kuimba, “nokurumbidza Mwari vavo nechinhu chikuru chaakanga avaitira, nokuvachengetedza kuti vasawire mumaoko evavengi vavo.

32 Hongu, vakachema: “Hosana kuna Mwari Vekumusoro-soro. Uye vakachema kuti: Ngaripafadzwe zita ralshe Mwari ^bSamasimba, Mwari Vekumusoro-soro.

33 Uye mwoyo yavo yakafuta nemufaro, zvekuti vakasvimha misodzi, pamusana pekunaka kukuru kwaMwari mukuvabvisa mumaoko evavengi vavo; uye vaiziva kuti izvi zvakanga zvakonzerwa nekutendeuka kwavo nokupfava kwavo kuti

30a Aruma 29:11.

^b Eta 4:15.

31a Aruma 26:8.

NKM Kupakutenda.

32a NKM Hosana.

^b 1 Ni. 1:14.

NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

vabviswe mukuparadzwa kusingaperi.

CHITSAUKO 5

MaNifai vanotendeuka vachibva uye vasiya zvitema zvavo—Morrmoni anonyora rungano rwevanhu vake uye achibva avataurira shoko risingapere—Israeri ichaunganidzwa kubva mukupararira kwayo kwenguva refu. Zvingangove makore 22 kusvika ku26 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino tarisai, kwakanga kusina kana mweya mumwechete zvawo kuvanhu vaNifai vose waikahadzika kana zvi-shomanani mazwi emaporofita vose vatsvene avakanga vataura; nokuti vaiziva kuti aifanira kuti azadzikiswe.

2 Uye vaiziva kuti zvaive zviri zvakafanira kuti Kristu ange akauya, pamusana pezviratidzo zvizhinji zvakanga zvapiwa, maererano nemazwi emaporofita; uye nepamusana pezvinhu zvakanga zvatoitika kare vaiziva kuti zvakafanira kuti zvose zvinhu zviitike maererano nezvo zvakataurwa.

3 Naizvozvo vakasiya zvitema zvavo zvose, noruvingo rwavo, neupombwe hwavo, uye vakashandira Mwari nokusimba kwose siku nesikati.

4 Uye zvino zvakaitika kuti vatora ose makororo sevasungwa, zvekuti hapana akapunyuka pane asina kuuraiwa, vakakanda vasungwa vavo mutirongo,

uye ndokuita kuti shoko raMwari riparidzwe kwavari; uye vose vakatendeuka muzvitema zvavo uye vakaita chibvumirano chekuti havachazopondazve “vakasunungurwa.

5 Asi vose avo vasina kupinda muchibvumirano, uye vairamba vaine pfungwa dzekuponda kwakavandika mumwoyo yavo, hongu, vose vaiwanikwa vachityisidzira hama dzavo vaipiwa mhosva uye vorangwa maererano nemutemo.

6 Uye ndiko kupedza zvose izvo zvikwata zvakaipa, zvakananzika, uye zvakashoreka izvo zvakakonzera kuti huipi hwakanyanyisa nekuponda kwakawanda kuitwe.

7 Uye ndiko kupera kwakaita gore “rechimakumi maviri nemaviri, kana nerechimakumi maviri nematatuwo, nerechimakumi maviri nemana, nerechimakumi maviri nemashanu; uye kwakanga kwapfuura makumi maviri emakore ane makore mashanu.

8 Uye kwaive nezvinhu zvizhinji zvakanga zvaitika zvainge, mumaziso evamwe, zviri zvinhu zvikuru uye zvinoshamisa; zvakadaro, hazvinganyorwe zvose mubhuku rino; hongu, bhuku rino haringakwane kana chikamu chimwe kubva “muzana chezvinhu zvakaitwa muvanhu vazhinji kudai muchinguva chemakumi maviri emakore ane mashanu.

9 Asi tarisai kune “zvinyorwa

zvine zvose zvefafambiro aiita vanhu ava; uye rungano rwupfupi asi rwuri rwechokwadi rwakapihwa naNifai.

10 Naizvozvo ndaita zvinyorwa zvangu zvezvinhu izvi maererano nezviri muzvinyorwa zvaNifai, zvakanyorwa pamahwendefa aidaidzwa kuti mahwendefa aNifai.

11 Uye tarisai, ndinoita zvinyorwa pamahwendefa andagadzira nemaoko angu.

12 Uye tarisai, ndinonzi ^aMormoni, ndichidaidzwa nezita ^brenyika inonzi Mormoni, munyika makaiswa chechi naAruma muvanhu, hongu, chechi yekutanga yakaitwa mukati mavo mushure mekutadza kwavo.

13 Tarisai, ndiri mudzidzi waJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Ndakadaidzwa naiye kuti ndizotaura shoko rake mukati mevanhu vake, kuti vawane upenyu husingaperi.

14 Uye zvakafanira kuti ini, maererano nekuda kwaMwari, kuti minamoto yeavo vakaenda kare, vakanga vari vatsvene, yakafanira kuzadzikiswa maererano nerutendo rwavo, kuti ndiite ^azvinyorwa zvezvinhu izvi zvakaitwa—

15 Hongu, zvinyorwa zvisho-manani zvezvo zvakaitika kubvira panguva yakabva Rihai kuJerusarema, kana zvichidzika kusvika panguva ino.

16 Naizvozvo ndiri kuita ru-

ngano rwangu kubva kungano dzakapiwa neavo vaive pamberi pangu, kusvika mukutanga kwenguva yangu;

17 Uye zvino ndinobva ndaita ^azvinyorwa zvezvinhu zvanda-kaona nemaziso angu.

18 Uye ndinoziva kuti zvinyorwa zvandinoita zvakanaka uye ndezvechokwadi; zvakadaro kune zvinhu zvizhinji zvekuti, maererano nemutauro wedu, hatigone ^akuzvinyora.

19 Uye zvino ndinopedza zva-ndiri kutaura, zviri nezvangu, uye ndoenda mberi nokutaura nezvezvinhu zvakaitika ndisati ndavepo.

20 Ndini Mormoni, uye wechizvarwa chaRihai chechokwadi. Ndine chikonzero chekurumbidza Mwari vangu neMuponesi wangu Jesu Kristu, nokuti akaburitsa madzibaba edu munyika yeJerusarema, (uye ^ahapana mumwe aizviziva kunze kwake iye neavo vaakabuda navo munyika) nekuti akandipa ini nevanzhu vangu ruzivo rwakawanda rwakaponesa mweya yedu.

21 Chokwadi akaropafadza ^aimba ^byaJakobo, uye akanzwira ^ctsitsi kumbeu yaJosefa.

22 Uye ^amukuchengeta kwevana vaRihai mirairo yavo vakaropafadza uye vakavapa kubudirira maererano neshoko ravo.

23 Hongu, uye chokwadi achanza zvakare ^avakasara vembeu

12a Morm. 1:1–5.

b Mosaya 18:4;
Aruma 5:3.

14a Eno. 1:13–18;
D&Z 3:19–20.

17a Morm. 1:1.

18a Eta 12:25.

20a 1 Ni. 4:36.

21a NKM Israeri.
b Gen. 32:28.

c Deut. 33:13–17.

22a 2 Ni. 1:20.

23a Aruma 46:24.

yaJosefa ^bkuruzivo rwaIshe Mwari vavo.

24 Uye chokwadi sezvo Ishe vari mupenyu, “vachaunganidza kubva kumativi mana enyika vose vakasara vembeu yaJakobo, vakapararira mhiri kwose pamusoro penyika.

25 Uye sezvo vakabvumirana nemba yose yaJakobo, saka chibvumirano chavakabvumirana nemba yaJakobo chichazadzikiswa munguva yavo, “mukudzorera yose imba yaJakobo muruzivo rwechibvumirano chavakabvumirana navo.

26 Uye zvino ndipo “pavachaziva Mununuri wavo, anove ndiye Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari; uye ndipo pavachaunganidzwa kubva kumativi mana enyika vachienda kunyika dzavo, kwavakanga vabviswa; hongu, sezvo Ishe vachirarama ndizvo zvazvichaita. Amen.

CHITSAUKO 6

MaNifai vanobudirira—Kuzvida, hupfumi, norusarura zvinobva zvabuda—Chechi rinotsemurwa mukusawirirana pamusana pevabobva mariri—Satani anotungamira vanhu mukupanduka kuri pachena—Vaporofita vazhinji vanodaidzira kutendeuka vobva vauraiwa—Vapondi vavo vanoranganakutora hurumende. Zvingangove makore 26 kusvika ku30 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakadzokera vose kunyika dzavo mugore rechimakumi maviri nematanhatu, wose munhu, nemhuri yake, matanga ake, mahachi ake nemombe dzake, nezvinhu zvose zvainge zviri zvavo.

2 Uye zvakaitika kuti vakanga vasina kupedza mbuva dzavodzose; naizvozvo vakatora zvose zvavakanga vasina kudya vakaenda nazvo, ose marudzi embeu dzavo, negoridhe ravo, nesirivha yavo, nezvinhu zvavo zvose zvinokosha, uye vakadzokera kunyika dzavo nezvinhu zvavo, kwose kuchamhembe nokumaodzanyemba, kwose kunyika yaive kuchamhembe neyaive kumaodzanyemba.

3 Uye vakapa avo vemakororo aya vakanga vaita chibvumirano kuti vanozochengetedza runyararo rwenyika, vachida kuramba vari maRamani, minda, maererano nekuwanda kwavo, kuti vawane, nokushanda kwavo, pekuzviriritira napo; uye ndiko kudzika kwavakaita runyararo munyika yose.

4 Uye vakatanga zvakare kubudirira nokukura; uye gore rechimakumi maviri nematanhatu nere makumi maviri nemanomwe akapfuura, uye nyika yakanga yakagadzikana; uye vakanga vaita mitemo yavo maererano nokuenzanisa noku-tonga kwakanaka.

5 Uye zvino makanga musina chimwe chinhu munyika yose

23b 2 Ni. 3:12.

24a NKM Israeri—
Kuunganidzwa

kwa Israeri.

25a 3 Ni. 16:5.

26a 2 Ni. 30:5–8;

3 Ni. 20:29–34.

chaikanganisa kuti vasarambe vachibudirira, kunze kwekunge vawira mukutadza.

6 Uye zvino akanga ari Gidhidhonai, nemutongi, Rakoniasi, uye neavo vakanga vaitwa vatumamiri, vakanga vadzika runyararo rwukuru urwu munyika.

7 Uye zvakaitika kuti kwaive nemaguta mazhinji akavakwa patsva, uye kwaive nemaguta matsaru akagadziriswa.

8 Uye kwaive nemigwagwa mikuru yakagadzirwa, nenzira dzakaitwa, dzaibva nokuenda guta neguta, uye nyika nenyika, uye nzvimbo nenzvimbo.

9 Uye ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi maviri nemasere, uye vanhu vaingove murunyararo.

10 Asi zvakaitika kuti mugore rechimakumi maviri nemapfumbamwe kwakatanga kuitiranwa nharo muvanhu; uye vamwe vakazvikudza “nokudada pamusana pepfuma yavo yakawanda, hongu, kana kusvika pakunetsa vamwe zvikuru.

11 Nokuti munyika maive nevategesi vazhinji, nemagweta akawandawo, nemakurukota akawanda.

12 Uye vanhu vakatanga kuzivikanwa nezvavari, maererano “neupfumi hwavo nekuwana kwavo mukana wekudzidza; hongu, vamwe vakanga vasina kudzidza pamusana peurombo hwavo, uye vamwe vakagashira kudzidza kukuru pamusana pekupfuma kwavo.

13 Vamwe vakasimudzwa mukudada, uye vamwe vakanga vakapfava zvikuru; vamwe vaidzorera kutuka nekutuka, asi vamwe vaigashira kutukwa “neketetswa nokutambudzwa kwose, uye havaipinduka ^bvachitukawo, asi vakanga vakapfava uye vakatyoka pamberi paMwari.

14 Uye saka munyika makave nekusaenzana kukuru, zvekuti chechi yakatanga kuparara; hongu, zvekuti mugore rechigumi nematatu chechi yakanga yaparara munyika yose kunze kwekumaRamani vakanga vapindukira kurutendo rwechokwadi; uye vakaramba kubva marwuri, nokuti vakanga vakatakamara, uye vakasimba, uye vasingazungunuke, vachida “nesimba ravo rose kuchengeta mirau yaIshe.

15 Zvino chikonzero chekutadza kwevanhu uku chaive ichi—Satani aive nesimba guru, raimutsa vanhu kuti vaite zvitadzo zveumarudzi ose, nokuvazadza nokudada, nokuvaedza kuti vatsvake simba nemvumo, nokutonga, neupfumi, nezvinhu zvisina maturo zvenyika.

16 Uye ndiko kunyengedza kwakaita Satani mwoyo yevanhu kuti vaite zvakaipa zvakasiyana-siyana; naizvozvo vakanga vamboita runyararo kwemakore mashoma chete.

17 Uye saka, mukutanga kwegore rechimakumi matatu—vanhu vachibvumirwa kwenguva

6 10a NKM Kudada.
12a I Tim. 6:17–19;
Hir. 4:12.

13a NKM Kupfuisa.
b Mat. 5:39;
4 Ni. 1:34;

D&Z 98:23–25.
14a NKM Hushingi.

huru kuti vatakurwe “muzviedzo zvadhiabhorosi achivaendesa kwose kwaainge achida kuti vaende—uye saka mukutanga kwaro, gore iri rechimakumi matatu, vakanga vari mukati mekutadza kunotyisa.

18 Zvino havana kunge vachita zvitema “vasingazive, nokuti vaiziva chido chaMwari maererano navo, nokuti chakanga chakadzidziswa kwavari; naizvozvo ^bvakapandukira Mwari nokuda.

19 Uye zvino zvaive mumazuva aRakoniasi, mwanakomana waRakoniasi, nokuti Rakoniasi akanga atora chigaro chababa vake uye akatonga vanhu mugore iroro.

20 Uye kwakatanga kuve nevanhu vakanga “vafemerwa kubva kudenga uye vakatumwa, vachimira mukati mevanhu munyika yose, vachiparidza nokupupura vasingatye nezvezvitema nezvitadzo zvevanhu, uye vachipupura maererano nerunuro rwuchaitwa naIshe kuvanhu vake, kana nemamwe mazwi, kumuka kuvakafa kwaKristu; uye vakapupura pasina kutya ^bnezverufu nekutambudzika kwake.

21 Zvino kwaive nevamwe vevanhu vakawanda vakashatirwa zvikuru pamusana peavo vaipupura zvinhu izvi; uye vakanga vakashatirwa vazhinji vavo vaive vatongi vakuru, neavo “vaive vapirisita vepamusoro

nemagweta; hongu, vose avo vaive magweta vakashatiriswa neavo vaipupura zvinhu izvi.

22 Zvino hakuna gweta kana mutongi kana mupirisita wepamusoro aive nesimba rokutongera munhu kufa kunze kwekunge kutongwa kwavo kwanyorwa nagavhuna wenyika.

23 Zvino kwaive nevazhinji veavo vaipupura pamusoro pezvinhu zvaKristu vaipupura vasina chavanotyia, vakatorwa uye vakauraiwa mukavere-vere nevatongi, zvekuti ruzivo rwekufa kwavo harwuna kusvika kuna gavhuna wenyika kudakara vatouraiwa kare.

24 Zvino tarisai, izvi zvakanga zvisiri maererano nemitemo yenyika, kuti ani zvake auraiwe kunze kwekunge vane simba ragavhuna wenyika—

25 Naizvozvo chichemo chakauya munyika yeZarahemura, kuna gavhuna wenyika, pamusoro pevatongi ava vakanga vatongera vaporofita vaIshe kufa, zvisiri mumutemo.

26 Zvino zvakaitika kuti vakatorwa vakaendwa navo pamberi pemitongi, kuti vatongwe nemhosva yavakanga vaita, maererano “nemutemo wakanga wapiwa nevanhu.

27 Zvino zvakaitika kuti vatongi ava vaive neshamwari zhinji nehama; uye vakasara, hongu, kana kunge ose magweta nevapirisita vepamusoro, vakaungana pamwechete, vakabatana

17a NKM Chiedzo.

18a Mosaya 3:11.

^b NKM Hupanduki.

20a NKM Kutunhwa;

Muporofita.

^b NKM Dzikinura;

Kuroverwa.

21a D&Z 121:36–37.

NKM Kurasika

Pachitendero.

26a Mosaya 29:25;

Aruma 1:14.

nehama dzevatongi avo vakanga vachitongwa maererano nemutemo.

28 Uye vakapinda “muchibvumirano pachavo, hongu, kana chibvumirano chiya chavakaita kare, chiri chibvumirano chakanga chaitwa ^bnadhiabhorosi, kuti vabatane mukurwisana nevakarurama vose.

29 Naizvozvo vakabatana vachirwisana nevanhu vaIshe, uye ndokupinda muchibvumirano chekuvaparadza, noku-bvisa avo vaive nemhosva yekuponda kuti vasarangwe, chiri chinhu chakange chave kuda kuitwa maererano nemutemo.

30 Uye vakashora mutemo nekodzero dzenyika yavo; uye vakarangana kuti vaparadze gavhuna wenyika, nekuti vaise “mambo anotonga nyika, kuti nyika ichirega kuve yakasununguka asi kuti ive pasi pema-dzimambo.

CHITSAUKO 7

Mutongi mukuru anopondwa, hurumende inoparadzwa, uye vanhu vanokamurana mumarudzi avo—Jakobho, munhu asingade Kristu, anove mambo wechikwata chemuruvande—Nifai anoparidza kute-ndeuka norutendo munaKristu—Ngirozi dzinomudzidzisa mazuva ose, uye anomutsa munin'ina wake kubva kuvakafa—Vazhinji vanotendeuka uye vachibva vabhabha-

tidzwa. Zvingangove makore 30 kusvika ku33 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVINO tarisai, ndichakuratidzai kuti havana kuisa mambo wekutonga nyika; asi mugore irori, hongu, gore rechigumi nematatu, vakaparadza chigaro chekutonga, hongu, vakaponda mutongi mukuru wenyika.

2 Uye vanhu vakamukirana, uye vakaparadzana nemarudzi, wose munhu maererano nemhuri yake nehama dzake neshamwari; uye ndiko kuparadza kwavakaita hurumende yenyika.

3 Uye rwose rudzi rwakaisa ishe kana mutungamiri pamusoro pavo; uye saka vakave marudzi nevatungamiri vemarudzi.

4 Zvino tarisai, hakuna munhu pakati pavo akanga asina mhuri huru nehama dzakawanda neshamwari; naizvozvo marudzi avo akakura zvikuru.

5 Zvino zvose izvi zvakaitwa, uye kwakanga kusati kwave nehondo pakati pavo; uye kwose kuipa uku kwakauya kuvanhu pamusana pekuti “vaizvipira kusimba raSatani.

6 Uye zvisungo zvehurumende zvakaparadzwa, pamusana pechikwata “chemuruvande cheshamwari nehama dzeavo vaiponda maporofita.

7 Uye vakakonzera kupesana kukuru munyika, zvekuti vazhinji vevanhu vakanga vakarurama vakanga vada kuva vose vakaipa; hongu, makange mave

28a NKM Huranganwa hwemuruvande.
b Hir. 6:26-30.

30a I Sam. 8:5-7;
Aruma 51:5.
7 5a VaR. 6:13-16;

Aruma 10:25.
6a 2 Ni. 9:9.

nevakarurama vashoma pakati pavo.

8 Uye saka kwakange kusati kwapfuura makore matanhatu kubvira panguva vanhu vazhinji vakabva mukururama kwavo, sembwa inodzokera “kumarutsi ayo, kana kuti sedunzvi renguruve rinonoumburuka mumatope.

9 Zvino chikwata ichi chemuruvande, chakanga chaunza kutadza kukuru muvanhu, chakaunganidzana pamwechete, uye chakaisa pamusoro pachomurume wachaiti Jakobho;

10 Uye vakamudaidza kuti mambo wavo; naizvozvo akave mambo wechikwata chine uipi ichi; uye aive mumwe weavo vakataura zvikuru kwazvo kurwisa vaporofita vaipupura nezvaJesu.

11 Uye zvakaitika kuti vakanga vasina kusimba muuwandu semarudzi evanhu, vakanga vakabatana pamwechete kunze kwevatungamiri vavo vakaisa mitemo yavo, wose maererano nerudzi rwake; zvakadaro vaiva mhandu; kana dai zvazvo vakanga vasiri vanhu vakarurama, asi vakanga vakabatana muruvengo rweavo vakanga vaine chibvumirano chekuperadza hurumende.

12 Naizvozvo, Jakobho achiona kuti vavengi vavo vakanga vakawanda kupfuura ivo, iye samambo wechikwata ichi, naizvozvo akaudza vanhu vake kuti vatizire kumusoro-soro kwenyika yekuchamhembe, uye ikoko vagovaka “umambo hwa-

vo, kusvika vatorana nevanopanduka (nokuti aivanyepera kuti kuchapanduka vazhinji) uye vobva vave vakasimba zvakakwana zvekuti varwisane nemarudzi evanhu; uye ndizvo zvavakaita.

13 Uye vakafamba nokukuru-midza zvekuti hakuna chaikwanisa kuvakanganisa kudakara vave kure zvekusabatwa nevanhu. Uye ndikwo kupera kwakaita gore rechimakumi matatu; uye ndizvo zvakanga zvakaita zvinhu zvevanhu vaNifai.

14 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nerimwechete vakakamurana mumarudzi, wose munhu maererano nemhuri yake, hama neshamwari; zvakadaro vakanga vakabvumirana kuti ivo pachavo havafanire kuti varwisane; asi vakanga vasina kubatana kumitemo yavo, netsika yehurumende dzavo, nokuti dzaitwa maererano nepfungwa dzeavo vaive vakuru nevatungamiri vavo. Asi vakanga vakaisa mitemo yakaoma yekuti rudzi harwaibvumirwa kupinda kwevamwe, zvekuti zvakaita kuti munyika muve nerunyararo; zvakadaro, mwoyo yavo yakabva kuna Ishe Mwari vavo, vakatema maporofita nematombo vakavatandanisa pakati pavo.

15 Uye zvakaitika kuti “Nifai—ashanyirwa nengirozi nezwi raIshewo, naizvozvo aona ngirozi, uye aine umbowo hwekuona nemaziso ake, uye aine simba raakanga apiwa kuti

azive neufundisi hwaKristu, uye ari akaonawo kukurumidza kwavo kubva mukururama vachienda mukuipa kwavo neruvengo rwavo;

16 Naizvozvo, nokusuwisa pamusana pekuoma kwemwoyo yavo neupofu hwepfungwa dzavo—akaenda pakati pavo mugore rimwechete iroro, uye akatanga kupupura, asingatye, kutendeuka nokuregererwa kwezvitema mukutenda muna Ishe Jesu Kristu.

17 Uye akavadzidzisa zvinhu zvizhinji; uye zvole hazvinganyorwe, uye chidimu chazvo hachingakwane, naizvozvo hazvina kunyorwa mubhuku rino. Uye Nifai akadzidzisa “nesimba nemvumo huru.

18 Uye zvakaitika kuti vakamushatirirwa, pamusana pekuti aive nesimba kupfuura ravo, nokuti “hazvaitika kuti vasatende mazwi ake, nokuti rutendo rwake muna Ishe Jesu Kristu rwaive rwukuru zvekuti ngirozi dzaimudzidzisa mazuva ose.

19 Uye muzita raJesu aitandana vana dhiabhorosi nemweya “yetsvina; uye kana munin’ina wake akamumutsa kuvakafa, mushure mekunge atemwa nematombo akauraiwa nevanhu.

20 Uye vanhu vakazviona, uye vakapa umbowo hwazvo, uye vakamushatirirwa pamusoro pesimba rake; uye akaita zvimwe zvishamiso “zvizhinji zvakare, mumaziso evanhu, muzita raJesu.

21 Uye zvakaitika kuti gore rechimakumi matatu nerimwechete rakapfuura, uye pakanga paine vashoma vakanga vapindukira kuna Ishe; asi ivavo vakapinduka vakaratidza zvechokwadi kuvanhu kuti vakashanyirwa nesimba neMweya waMwari, waive muna Jesu Kristu, wawaitenda maari.

22 Uye vose vakabviswa vana dhiabhorosi mavari, uye vakarapwa zvirwere zvavo nekuramara kwavo, vakaratidza zvechokwadi kuvanhu kuti zvakaitwa neMweya waMwari, uye vakarapwa; uye vakaratidza zviratidzo naivowo uye vakaita zvishamiso muvanhu.

23 Ndiko kupfurawo kwakaita gore rechimakumi matatu nemaviri. Uye Nifai akachema kuvanhu mukutanga kwegore rechimakumi matatu nematatu; uye akaparidza kwavari kutendeuka nokuregererwa kwezvitema.

24 Zvino ndingade kuti dai marangarira zvakare, kuti hakuna vakatendeuka vásina “kubhabhatidzwa nemvura.

25 Naizvozvo, vakagadzwa naNifai, varume muhupirisita uhu, kuti avo vose vachauya kwavari vakafanira kunge vari vavakabhabhatidza nemvura, uye izvi umbowo neuchapupu kuna Mwari, nokuvanhu, kuti vakatendeuka vakawana “kuregererwa kwezvitadzo zvavo.

26 Uye kwakanga kuine vazhinji mukutanga kwegore iri

17a NKM Simba.

18a 2 Ni. 33:1; Aruma 4:19.

19a NKM Mweya—

Mweya yakaiapa.

20a 3 Ni. 8:1.

24a NKM Bhabhatidza.

25a D&Z 20:37.

NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

vakabhabhatidzwa mukutende-
uka; uye ndiko kupfuura kwa-
kaita chikamu chikuru chegore.

CHITSAUKO 8

Dutu, kundengendeka kwenyika, moto, chamupupuri, kushanduka kwekunze nechimbi-chimbi zvinotaura kuroverwa kwaKristu—Vanhu vazhinji vanoparadzwa—Rima rinofukidza nyika kwamazuva matatu—Avo vanosara vanochema nhamo yavo. Zvingangove makore 33 kusvika ku34 shure kwekunge Kristu azoarwa.

UYE zvakaitika kuti maererano nezvinyorwa zvedu, tinoziva kuti zvinyorwa zvedu ndezvechokwadi, nokuti tarisai, akanga ari munhu akarurama akachengeta zvinyorwa—nokuti zvechokwadi akaita “zvishamiso zvizhinji ^bmuzita ra-Jesu; uye hakuna munhu angaite zvishamiso muzita raJesusu kunze kwokunge akacheneswa kubva patsvina iri yose zvayo—

2 Uye zvino zvakaitika kuti, kana pakanga pasina kukanganisa kwakaitwa nomurume uyu pakuverenga nguva yedu, gore “rechimakumi matatu namatatu rakanga rapfuura;

3 Uye vanhu vakatanga kutarisa vane chivimbo chikuru kuti vaone chiratidzo chakanga chapiswa nomuporofita Samueri, muRamani, hongu, kunguva

yekuti kuchave “nerima kwe-mazuva matatu pasi pose.

4 Uye kwakatanga kuva noku-kahadzika kukuru nokupesana pakati pavanhu, kunyangwe hazvo “zviratidzo zvakawanda zvakanga zvapiwa.

5 Uye zvakaitika kuti mugore rechimakumi matatu nemana, mumwedzi wokutanga, pazuva rechina romwedzi, kwakatanga dutu guru, rerudzi rwakanga rwusati rwamboonekwa munyika yose.

6 Uye kwakava nemhepo huru yaityisa zvikuru; kwakave “namabanan’ana akaipa, ^bzvakan-dengendetsa nyika yose ikaita kunge yakange yave kuda kutsemuka nepakati.

7 Uye kwakava nemheni dzaityisa zvikuru, dzerudzi rwakanga rwusati rwamboonekwa munyika yose.

8 Uye “guta reZarahemura rakabvira.

9 Uye guta reMoronai rikanyura pasi pegungwa, vagari vemo vakanyudzwa.

10 Uye nyika yaive neguta re-Moronaiha yakasimudzwa, zvekuti panzvimbo paive neguta iri pakave negomo guru.

11 Uye kwakave nekuparadzwa kukuru kwaityisa kudivi rokumaodzanyemba.

12 Asi tarisai, kwakave noku-paradzwa kukuru kwaityisa kupfuura ipapo nechekuchamhembe; nokuti tarisai, nyika

8 1a 3 Ni. 7:19–20;
Morm. 9:18–19.
b Mabasa 3:6;
Jak. 4:6.
2a 3 Ni. 2:8.

3a 1 Ni. 19:10;
Hir. 14:20, 27;
3 Ni. 10:9.
4a NKM Kuroverwa.
6a 1 Ni. 19:11;

Hir. 14:21.
b Mat. 27:45, 50–51.
8a 4 Ni. 1:7–8.

yose yakashandurwa, nokuda kwemhepo nechamupupuri, nemabhanan'ana nemheni, neku-ndengendeka kukuru kwepasi rose;

13 Uye “nzira huru dzakapapadzwa, nzira dzepasi dzikakannganiswa, uye nzvimbo dzakawanda dzakange dzakanaka dzikave nemakomba-makomba.

14 Uye maguta makuru aionekera “akanyudzwa, uye mazhinji akapiswa, uye mazhinji akandengendetswa kusvikira dzimba dzemo dzawira pasi, vagari vemo vakauraiwa, nzvimbo dzikasara dzisisina vanhu.

15 Uye paive nemamwe maguta akasara; asi kukuvara kwawo kwakanga kuri kukuru zvaka-pfuridza, uye maive nevakawanda maari vakauraiwa.

16 Uye kwaive nevamwe vakatakurwa nechamupupuri; kwavakaenda hakuna anoziva, vanongoziva chete kuti vakatakurwa.

17 Uye uku ndiko kunyangadzwa kwakaitwa pasi rose, nokuda kwemhepo huru, nemabhanan'ana, nemheni, noku-ndengendeka kwenyika.

18 Uye tarisai, “matombo akatsemurwa nepakati; akapwanywa, akazara pasi rose, zvokuti akazowanika akangopwanyika aine mitswe makatsemuka nemakoronga, pasi rose.

19 Uye zvakaitika kuti apo mabhanan'ana, nemheni, nedutu guru, nemhepo, nekunde-

ngendeka kwakamira—nokuti tarisai, zvakatora nguva inokwana maawa matatu; uye zvakanzi nevamwe nguva yacho yakange yakareba kupfuura ipapo; zvisinei, zvinhu zvikuru zvaityisa izvi zvose zvakaitika munguva yaida kukwana maawa “matatu—zvino tarisai, kwakave nerima panyika.

20 Uye zvakaitika kuti kwakave nerima guru rakafukidza nyika yose, rekuti vagari vemo vakanga vasina kufa “vainzwa kurema^bkwemhute;

21 Uye kwakanga kusingakwanise kuva nechiedza, nokuda kwerima, kana makanduru, kana marambi; kana kuva nemoto wakabatidzwa nehuni dzavo dzakanga dzakaoma zvakanakisisa, zvekuti kwakanga kusingambokwanisa kuva kana nechiedza zvacho;

22 Uye hakuna kana chiedza chakamboonekwa, kana moto, kana kuvaima, kana zuva, kana mwedzi, kana nyenyedzi, ndiko kusviba kwakange kwakaita rima rakange riri panyika.

23 Uye zvakaitika kuti kwakapera mazuva “matatu kusina chiedza chakaoneka; uye kwakave nokusuwa nokuchema nokuridza mhere kwakanga kusingamiri pakati pavanhu; hongu, kugunun'una kwavanhu kwakanga kuri kukuru, nokuda kwerima nokupapadzwa kwakanga kwavawira.

24 Uye mune imwe nzvimbo

13a Hir. 14:24;

3 Ni. 6:8.

14a 1 Ni. 12:4.

18a Hir. 14:21–22.

19a Ruka 23:44.

20a Eks. 10:21–22.

b 1 Ni. 12:5; 19:11.

23a 1 Ni. 19:10.

vakanzwikwa vachichema, vachiti: Dai takatendeuka zuva guru iri risati rasvika, hama dzedu dzingadai dzakaregererwa, uye vangadai vasina kupiswa muguta guru iro ^areZarahemura.

25 Uye mune imwe nzvimbo vakanzwikwa vachichema nokusuwa vachiti: Dai takatendeuka zuva guru rinotyisa iri risati rasvika, uye tisina kuuraya nekutema vaporofita nematombo, nokuvakanda kunze; vanamai vedu nevanasikana vedu vakana, nevana vedu vangadai varegererwa, vasina kufusirwa muguta iro reMoronaiha. Uku ndiko kuchema kunotyisa kukuru kwaiita vanhu.

CHITSAUKO 9

Murima, izwi raKristu rinotaura nezvekuparadzwa kwevanhu vazhinji nemaguta pamusana pekuipa kwavo—Anotaurawo nezveutsvene hwake, achibva adaidzira kuti mutemo waMosesi wazadzikiswa, uye ndokubva akoka vanhu kuti vauye kwaari vaponeswe. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti pane ^aizwi rakanzwikwa muvanhu vose vaigara munyika, pamusoro penyika ino yose, richichema:

2 Nhamo, nhamo, nedambudziko kuvanhu ava; ^anhamo kuvagari vose vari panyika kunze kwekunge vatendeuka; nokuti

dhiabhorosi ari ^bkuseka, uye ngirozi dzake dziri kupembera, pamusana pekuuruiwa kwevanakomana nevanasikana vakana kwevanhu vangu; uye zviri pamusana pekuipa nokutadza kwavo zvaita kuti vapunzike!

3 Tarisai, guta guru riya reZarahemura ndakaripisa nemo, nevagari varo vaivemo.

4 Uye tarisai, guta riye guru raMoronai ndakaita kuti rinyure muudzamu hwegungwa, nevagari vemo kuti vanyudzwe.

5 Uye tarisai, guta guru riya reMoronaiha ndakarifushira nevhu, nevagari vacho, kuti ndivige kuipa kwavo neruvengo rwavo pameso pangu, kuti ropa remaporofita nerevatendi risazouya kwandiri zvakare richivarwisa.

6 Uye tarisai, guta reGirgari ndakaita kuti rinyudzwe, uye vagari vacho kuti vavigwe muudzamu hwevhu;

7 Hongu, neguta reOnaiha nevagari varo, neguta raMokamu nevagari varo, neguta reJerusarema nevagari varo; uye ndikaita kuti muve ^anemvura, kuviga kuipa kwavo nokutadza kwavo pamberi pemeso angu, kuti ropa remaporofita nerevatendi risazouya kwandiri zvakare richivarwisa.

8 Uye tarisai, guta reGadhiandi, neguta reGadhiomuna, neguta raJakobho, neguta reGimugimuno, ose ndakaita kuti anyudzwe, ndikaita ^azvikomomo nenhika munzvimbo dzawo; uye vagari

24a Hir. 13:12.
9 1a 1 Ni. 19:11;
3 Ni. 11:10.

2a Mat. 11:20–21.
b Mos. 7:26.
7a Ezk. 26:19.

8a 1 Ni. 19:11.

vacho ndikavafushira muudzamu hwepasi, kuviga kuipa nokutadza kwavo kubva kumeso kwangu, kuti ropa remaporofita nerevatendi risauye zvakare kwandiri kuzovarwisa.

9 Uye tarisai, guta riya guru Jakobhugati, rakanga rigerwe nevanhu vamambo Jakobho, ndakariita kuti ritsve nemoto pamusana pezvitema zvavo neuipe hwavo, hwakanga hwakapfuura uipi hwepasi pose, pamusana pekuponda nezvikwata zvavo “zvemuruvande; nokuti ndivo vakaparadza runyararo rwevanhu vangu nehurumende yenyika; naizvozvo ndakaita kuti vapiswe, kuti ^bndivaparadze pameso pangu, kuti ropa remaporofita nerevatendi risauye kwandiri zvakare kuzovarwisa.

10 Uye tarisai, guta raRamani, neguta raJoshi, neguta raGadi, neguta raKishikumeni, ndakaita kuti apiswe nemoto, nevai-gara maari, pamusana pekuipa kwavo mukutandanisa maporofita, nekutema nematombo avo vandakatuma kuzotaura kwavari pamusoro peuipe hwavo neruvengo rwavo.

11 Uye pamusana pekuti vakavakanda kunze, zvekuti mukati mavo makanga musisina akarurama, ndakatumira ^amoto kuti uvaparadze, kuti uipi hwavo nokutadza kwavo kuvigwe

pauso hwangu, kuti ropa remaporofita nerevatendi vandakatumira pakati pavo risacheme kwandiri ^brichibva pasi kuti rivarwise.

12 Uye ndakakonzera kuparara ^akwakawanda kukuru kuti kuuye munyika muno, nekuvanhu ava, pamusana peuipe hwavo noruvengo rwavo.

13 Imi mose ^amakaponeswa nokuti makanga makarurama kupfuura ivo, hamungachidzoka kwandiri zvino here, motendeuka pazvitadzo zvenyu, uye mopinduka, kuti ^bndikurapei?

14 Hongu, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kana ^amukauya kwandiri muchawana upenyu ^bhwokusingaperi. Tarisai, ruoko rwangu ^crwetsitsi dzakatambanudzirwa kwamuri, uye wose uyo achauya, iyeye ndichamugashira; uye vakaropafadzwa avo vanouya kwandiri.

15 Tarisai, ndini Jesu Kristu Mwanakomana waMwari. ^aNdakasika matenga nepasi, nezvinhu zvose zvirimazviri. Ndaive naBaba kubvira pakutanga. ^bNdiri muna Baba, uye Baba vari mandiri; uye mandiri Baba vakarumbidza zita ravo.

16 Ndakauya kune vangu, uye vangu ^avakasandigashira. Uye magwaro anotaura nezvekuuya kwangu akazadzikiswa.

17 Uye vose avo vakandiga-

9a Hir. 6:17–18, 21.

b Mosaya 12:8.

11a II Madz. 1:9–16;

Hir. 13:13.

b Gen. 4:10.

12a 3 Ni. 8:8–10, 14.

13a 3 Ni. 10:12.

b Jer. 3:22;

3 Ni. 18:32.

14a 2 Ni. 26:24–28;

Aruma 5:33–36.

b Joh. 3:16.

c Aruma 19:36.

15a Joh. 1:1–3;

VaKoro. 1:16;

Hir. 14:12;

Eta 4:7;

D&Z 14:9.

b Joh. 17:20–22;

3 Ni. 11:27; 19:23, 29.

16a Joh. 1:11; D&Z 6:21.

shira, kwavari “ndakapa kuti vave vanakomana vaMwari; uye ndichadaro kana kune avo vachatenda muzita rangu, nokuti tarisai, mandiri ndimo munouya ^bnerununuro, uye mandiri ndimo munozadzikiswa ‘mitemo waMosesi.

18 Ini ndini “chiedza neupenyu hwenyika. Ndini ^bArfa naOmega, kutanga nokupedzisira.

19 Uye “hamuchazoita zveku-deura ropa kuti mupire kwandiri; hongu, mupiro yenyu nekupira kwenyu zvakapiswa zvicharegerwa, nokuti handichabvuma mipiro yenyu nemipiro yenyu yezvakapiswa.

20 Uye “muchapira kwandiri mwoyo wakatyoka nemweya wakapfava. Uye ani nani anouya kwandiri nemwoyo wakatyoka nemweya wakapfava, iyeye ^bndichamubhabhatidza nemoto neMweya Mutsvene, kana sema-Ramani, pamusana perutendo rwavo mandiri munguva dzavo dzekupinduka, vakabhabhatidzwa nemoto neMweya Mutsvene, uye ivo havana kuzviziva.

21 Tarisai, ndakauya munyika kuti ndiunze rununuro kunyika, kuti ndiponese nyika muzvitema.

22 Naizvozvo, wose “anotendeuka uye achiuya kwandiri ^bsemwana mudiki, iyeye ndichamugashira, nokuti vakadaro ndivo veumambo hwaMwari.

Tarisai, nokuti ivavo ndivo ‘vandakasiira upenyu hwangu pasi, uye ndikahutora zvakare; naizvozvo tendeukai, uye mu-uye kwandiri imi mativi mana enyika, uye muzoponeswa.

CHITSAUKO 10

Munyika mune runyararo kwe-chinhambo chakati kuti— Izwi ra-Kristu rinovimbisa kuunganidza vanhu vake sekuunganidza kunoita huku hukwana dzayo— Vazhinji vevanhu vakachengetedzwa. Zvingangove makore 34 kusvika ku35 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino tarisai, zvakaitika kuti vose vanhu vemunyika vakanzwa zvakataurwa izvi, uye vakazvipupura. Uye mushure mekutura uku munyika makava norunyararo kwechinguva chakati;

2 Nokuti vanhu vakashamiswa zvikuru kwazvo zvekuti vakamira kunyunyuta nekuuwura pamusana pekurasikirwa nehamadzavo dzakanga dzauraiwa; nokudaro munyika makava norunyararo kwechinguva chakati.

3 Uye zvakaitika kuti kwakauya izwi zvakare kuvanhu, uye vose vanhu vakarinzwa, uye vakazvipupura, richiti:

4 Imi vanhu vemaguta ^amakuru aya akapuzika, muri vechi-

17a Joh. 1:12.

NKM ; Vanakomana neVanasikana vaMwari.

^b NKM Akanunura.

^c 3 Ni. 12:19, 46–47; 15:2–9.

18a NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

^b Zvaka. 1:8.

NKM Arfa naOmega.

19a Aruma 34:13.

20a 3 Ni. 12:19;

D&Z 20:37.

^b 2 Ni. 31:13–14.

22a NKM Rutendeuko.

^b Marko 10:15;

Mosaya 3:19;

3 Ni. 11:37–38.

^c Joh. 10:15–18.

10 4a 3 Ni. 8:14.

zvarwa chaJakobo, hongu, muri vemba yaIsraeri, kangani ndichikuvhumbamirai sekuvhumbamira kunoita huku hukwana dzayo, uye ^bndichikuriritirai.

5 Uye zvakare, “kangani ndichikuvhumbamirai sehuku inovhumbamira hukwana dzayo pasi pemapapiro ayo, hongu, imi vanhu vemba yaIsraeri, makapuzika; hongu, imi vanhu vemba yaIsraeri, imi mugere kuJerusarema, semi makapuzika; kangani kandingadai ndakakuvhumbamirai sehuku inovhumbamira hukwana dzayo, asi imi musingade.

6 Imi vemba yaIsraeri “vanda-kaponesa, ndokuvhumbirai kangani sehuku inovhumbamira hukwana dzayo pasi pemapapiro ayo, kuti mutendeuke uye ^bmutdzoze kwandiri “nemwoyo izere nechido.

7 Asi kana zvisiri izvo, imba yaIsraeri, nzvimbo dzenyu dzamugere dzichave matongo kudakara nguva yekuzadzikiswa “kwechibvumirano kune madzibaba enyu.

8 Uye zvino zvakaitika kuti mushure mekunge vanhu vanzwa mazwi aya, tarisai, vakatanga kuchema nokuwuura zvakare pamusoro pekurasikirwa kwavo nehama neshamwari.

9 Uye zvakaitika kuti ndiko kupfuura kwakaita mazuva matatu. Uye akanga ari mangwanani, uye ^arima rikabva pamusoro

penyika, uye nyika ikamira kundendemera, uye mabwe akamira kutsemuka, nekugomera kunotyisa wose kwakamira, neruzha rwose rwekutinhira rwakapfuura.

10 Uye nyika yakabatana zvakare, zvekuti yakamira; kudukura, nokuchema, uye kuhwihwidza kwevanhu vakanga vasiwa vari vapenyu kwakapera; uye kudukura kwavo kwakave mufaro, uye kunyunyuta kwavo kukave kurumbidza nekutenda Ishe Jesu Kristu, Mununuri wavo.

11 Uye ndipo pakasvika “kuzadzikiswa kwemagwaro matsvene akanga ataurwa nemaporofita.

12 Uye vakanga vari avo vanhu vakarurama “kupfuura vamwe vakaponeswa, uye ndivo vakagashira vaporofita vakasavatemba nematombo; uye ndivo vakanga vasina kudeura ropa revatendi, vasina kuuraiwa—

13 Uye vakaponeswa vakasanyudzwa nokufushirwa muvhu; uye havana kunyudzwa muudzamu hwegungwa; uye havana kupiswa nemoto, kana kuwirwa vakatswanywa vakafa; uye havana kutakurwa nechamupupuri; kana kukundwa neutsi nerima.

14 Uye zvino, uyo anoverenga, ngaanzwisise; uyo ane magwaro matsvene, “ngaanzvere, uye atarise aone kana rwose rufu nokuparadzwa uku nemoto,

4b 1 Ni. 17:3.
5a Mat. 23:37;
D&Z 43:24–25.
6a 3 Ni. 9:13.
b I Sam. 7:3; Hir. 13:11;

3 Ni. 24:7.
c Ezk. 36:26.
7a NKM Chibvumirano.
9a 3 Ni. 8:19.
11a Mabasa 3:18–20.

12a 2 Ni. 26:8; 3 Ni. 9:13.
14a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

neutsi, nemhepo, nechamupupuri, ^bnekuzaruka kwepasi kuti kuvagashire, uye zvose zvinhu izvi hazvizi zvekuzadzika huporofita hwevaporofita vatsvene vazhinji.

15 Tarisai, ndinoti kwamuri, Hongu, vazhinji vakapupura nezvezvinhu izvi pakuuya kwaKristu, uye “vakauraiwa pamusana pekuti vakapupura zvinhu izvi.

16 Hongu, muporofita “Zenosi akapupura pamusoro pezvinhu izvi, uye kana Zenoki akataura nezvezvinhu izvi, pamusana pekuti vakapupura kunyanya nezvedu, isu tiri vakasara vembeu yavo.

17 Tarisai, baba vedu Jakobo vakapupurawo pamusoro “pevakasara vembeu yaJosefa. Uye tarisai, hatizi isu here vakasara vembeu yaJosefa? Uye zvinhu izvi zvinopupura nezvedu, hazvina kunyorwa here pamahwendefa endarira ayo akauya nababa vedu Rihai vachibva Jerusarema?

18 Uye zvakaitika kuti mukopera kwegore rechimakumi matatu nemana, tarisai, ndichakuratidzai kuti vanhu vaNifai vakapona, neavo vakaidzawo kuti maRamani, vakanga vaponi, vakaratidzwa kudiwa kukuru, uye maropafadzo makuru akadirwa pamusoro pavo, zvekuti mushure mekunge Kristu “achangokwira kude nga akazviratidza zvechokwadi kwavari—

19 “Achiratidza muviri wake kwavari, nokuvadzidzisa; uye rungano rweushumiri hwake rwuchataurwa pano mushure. Naizvozvo kwenguva ino ndinomira kutaura kwangu.

Jesu Kristu akazviratidza kuvanhu vaNifai, pakuungana kwakange kwakaita vanhu pamwechete munyika yeMaguta, uye akavaparidzira; uye netsika iyi akazviratidza kwavari.

*Zvichisanganisa zvitsauko
11 kusvika ku26.*

CHITSAUKO 11

Baba vanopupura pamusoro poMwanakomana wavo Wavanoda—Kristu anozviratidza achitaura pamusoro pezverudzikinuro rwake—Vanhu vanobata mavanga emaronda mumaoko ake, mumakumbo, naparutivi pake—Vanochema vachiti Hosana—Anovaratidza nzira yokubhabhatidza nayo—Mweya wokukakavadzana ndewadhiabhrosi—Dzidziso yaKristu ndeye-kuti vanhu vanofanira kutenda nokubhabhatidzwa nokugamuchira Mweya Mutsvene. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti pakanga pane gungano guru rakanga raungana pamwechete, revanhu vaNifai, vakatenderedza temberi yakanga yakavakwa

14b 1 Ni. 19:11; 2 Ni. 26:5.
15a NKM Kuponderwa
Chitendero.

16a Hir. 8:19–20.
17a 2 Ni. 3:4–5;
Aruma 46:24;

3 Ni. 5:23–24.
18a Mabasa 1:9–11.
19a 3 Ni. 11:12–15.

munyika yeMaguta; vaishamiswa vachibvunzana, vachiratidzana kupinduka “kukuru kwakanga kwaita zvinhu.

2 Uye vakanga vachitaura nezvaJesu Kristu uyu, ane “chiratidzo chakanga chapiwa maererano nokufa kwake.

3 Uye zvakaitika kuti apo vaingunotaura pachavo, vakanzwa “izwi seraibva kudenga, vakakanda maziso avo uko nouko, nokuti havana kunzwisisa izwi ravakanga vanzwa; rakanga risiri izwi rine hashu, kana kuti rakakwirira; zvisinei, kana dai zvazvo kaive kazwi ^bkadiki kakabaya avo vakanzwa mukati, zvekuti hakuna nhengo yomuviri wavo isina kubvunda; hongu, rakava rinobaya kusvika pamweya chaipo, rikava rinoita kuti mwoyo yavo itsve.

4 Uye zvakaitika kuti vakanzwa izwi zvakare, vakatadza kunzwa zvaireva.

5 Uye zvakare kechitatu vakarinzwa izwi, vakazarura nzeve dzavo kuti varinzwe; maziso avo akatarisa kwaibva izwi iri; vakaramba vakatarisa kudenga, uko kwaibva izwi iri.

6 Uye tarisai, kechitatu vakanzwisisa zvairehwa nezwi iri; rikati kwavari:

7 Tarisai uyo Mwanakomana wangu ^aWandinoda, ^bmaari ndinofadzwa, maari ndinobwinyisa zita rangu — munzwei.

8 Uye zvakaitika kuti, zvavanzwa vakatarisa zvakare kudenga; uye tarisai, “vakaona Murume achiburuka kubva kudenga; akanga akapfeka nguwo chena; akauya pasi akamira pakati pavo; maziso egungano rose akatarisa kwaari, vakatya kuzarura miromo yavo, kana kutaura pachavo, havana kuziva kuti zvairevei, nokuti vaifunga kuti ingirozi yakanga yazviratidza kwavari.

9 Uye zvakaitika kuti akatambanudza ruoko rwake akatarura kuvanhu achiti:

10 Tarisai, ndini Jesu Kristu uyo maporofita vakapupura kuti achauya pano panyika.

11 Uye zvino tarisai, ndini “chiedza noupenyu hwenyika; ndakanwa kubva ^bmumukombe unovava uyo Baba vakandipa, ndikava ndinobwinyisa Baba “nokutora pandiri zvivi zvenyika, umo mandakaita ^akuda kwaBaba pazvinhu zvose kubva pakutanga.

12 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya gungano rose rakawira pasi; nokuti vakayeuka kuti zvakanza ^azvaporofitwa pakati pavo kuti Kristu achazviratidza kwavari shure kwokunge akwira kudenga.

13 Uye zvakaitika kuti Ishe vakataura kwavari achiti:

14 Simukai muuye kwandiri,

11 1a 3 Ni. 8:11–14.

2a Hir. 14:20–27.

3a Deut. 4:33–36;

Hir. 5:29–33.

b I Madz. 19:11–13;

D&Z 85:6.

7a Mat. 3:17; 17:5;

Nh—JS 1:17.

b 3 Ni. 9:15.

8a 1 Ni. 12:6; 2 Ni. 26:1.

11a NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

b Mat. 26:39, 42.

c Joh. 1:29;

D&Z 19:18–19.

d Marko 14:36;

Joh. 6:38; D&Z 19:2.

12a Aruma 16:20.

kuti “muise maoko enyu murutivi rwangu, uye zvakare kuti ^bmunzwe mavanga ezvipikiri mumaoko nomumakumbo angu, kuti muzive kuti ndini Mwari vaIsraeri, ^cnaMwari ^dwenyika yose, uye ndakaurairwa zvivi zvenyika.

15 Uye zvakaitika kuti gungano rakaenda mberi, vakaisa maoko avo murutivi rwake, vakanzwa mavanga ezvipikiri mumaoko nomumakumbo ake; izvi vakazviita, vachienda mumwe nomumwe kusvikira vose vaenda, uye vakaona namaziso avo vakabata namaoko avo, vakaziva chokwadi vakapupura, kuti ^aakanga ari iye, akange akanyorwa namaporofita, kuti achauya.

16 Uye vose zvavakanga vaenda vakazvionera pachavo, vakachema vose nezwi rimwe chete, vachiti:

17 Hosana! Ngarikomborerwe zita raMwari vari Kumusoro-soro! Uye vakawira pasi pamakumbo aJesu, ^avakamunamata.

18 Uye zvakaitika kuti akataura ^anaNifai (nokuti Nifai akanga ari pakati pegungano) akamuraira kuti auye kwaari.

19 Uye Nifai akasimuka akaenda kwaari, akakotama pamberi paIshe akatsvoda tsoka dzavo.

20 Uye Ishe vakamuraira kuti asimuke. Uye akasimuka akamira pamberi pavo.

21 Uye Ishe vakati kwaari: Ndinokupa ^asimba rokuti ^buchabhabhatidza vanhu ava kana ndichinge ndakwira zvakare kudenga.

22 Uye zvakare Ishe vakadaidza ^avamwe, vakataura kwavari zvakangofanana; vakavapa simba rokubhabhatidza. Uye vakati kwavari: Ndiko kubhabhatidza kwamuchaita; ^bHapazova nokusawirirana pakati penyu.

23 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo anotendeuka kubva muzvivi zvake kuburikidza ^anamashoko enyu, ova ^bnechido chokubhabhatidzwa muzita rangu, ivavo muchavabhabhatidza netsika iyi—Tarisai, muchienda ^cmonomira mumvura, uye muzita rangu muchavabhabhatidza.

24 Uye zvino tarisai, aya ndiwo mazwi amuchataura, muchivaidaidza nezita, muchiti:

25 ^aNemvumo yandakapihwa naJesu Kristu, ndinokubhabhatidza muzita ^braBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene. Amen.

26 Uye zvino ^amovanyudza mumvura, mobuda zvakare kubva mumvura.

14a Joh. 20:27.

^b Ruka 24:36–39;

D&Z 129:2.

^c Isa. 45:3;

3 Ni. 15:5.

^d 1 Ni. 11:6.

15a NKM Jesu Kristu—

Kuwonekwa

kwaKristu mushure

mekufa.

17a NKM Kunamata.

18a 3 Ni. 1:2, 10.

21a NKM Simba.

^b NKM Bhabhatidza.

22a 1 Ni. 12:7; 3 Ni. 12:1.

^b 3 Ni. 18:34.

23a 3 Ni. 12:2.

^b NKM Bhabhatidza—

Kodzero

yerubhabhatidzo.

^c 3 Ni. 19:10–13.

25a Mosaya 18:13;

D&Z 20:73.

NKM Bhabhatidza—

Mvumo chaiyo.

^b NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

26a NKM Bhabhatidza—

Rubhabhatidzo

nokunyudzwa.

27 Uye mutsika iyoyi mu-chabhabhatidza muzita rangu; nokuti tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Baba, noMwanakomana noMweya Mutsvene “vamwechete; Ini ndiri muna-Baba, uye Baba vari mandiri, Baba pamwe neni tiri vamwechete.

28 Uye sokuraira kwandakuitai ndiko kubhabhatidza kwamuchaita. Uye hapachazove “nokusawirirana pakati penyu, sezvangazviripo kusvika zvino; hapafanire kuva nokusawirirana pakati penyu maererano nezvinangwa zvedzidziso dzangu, sezvanga zviripo.

29 Nokuti zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo ane mweya “wokukakavadzana haasi wangu, asi ^bwadhiabhoro-si anova baba vokukakavadzana uye anonyukura mwoyo yavanhu nehasha, mumwe kune mumwe.

30 Tarisai, iyi haizi dzidziso yangu, kuti ndizadze mwoyo yavanhu nehasha, vachishatirisa, asi iyi ndiyo dzidziso yangu, kuti zvinhu izvi zvinofanira kubviswa.

31 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndichataura kwamuri “dzidziso yangu.

32 Uye iyi ndiyo “dzidziso yangu, inova dzidziso yandakapiwa naBaba; uye ^bndinopupurira Baba, uye Baba vanopupurira ini, “Mweya Mutsvene unopupurira Baba neni, ini ndinopupura kuti Baba vanoraira vanhu vose, kuri kwose, kuti vatenduke vatende mandiri.

33 Uye uyo zvake anotenda mandiri, “agobhabhatidzwa, ivavo ^bvachaponeswa; ivo ndivo “vachagara muumambo hwa-Mwari.

34 Uye uyo asingatendi mandiri, uye asingabhabhatidzwe, acharaswa.

35 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, iyi ndiyo dzidziso yangu, uye ndinotaura izvi kubva kuna Baba; uyo “anotenda mandiri anotendawo kuna Baba; kwaari Baba vachapupura nezvangu, nokuti vachamushanyira ^bnomoto “no-Mweya Mutsvene.

36 Uye, uku ndiko kupupurirwa kwandichaitwa naBaba, Mweya Mutsvene uchapupurira Baba, neni; nokuti Baba neni, noMweya Mutsvene tiri vamwechete.

37 Uye zvakare ndinoti kwamuri, munofanira kutendeuka, “muve semwana muduku, mubhabhatidzwa muzita rangu,

27a Joh. 17:20–22;
3 Ni. 28:10; Morm. 7:7;
D&Z 20:28.

28a I VaKori. 1:10;
VaE. 4:11–14;
D&Z 38:27.

29a II Tim. 2:23–24;
Mosaya 23:15.
NKM Gakava.
b DJS, VaE. 4:26;

Mosaya 2:32–33.
31a 2 Ni. 31:2–21.

32a NKM Dzidziso
yaKristu.

b I Joh. 5:7.
c 3 Ni. 28:11; Eta 5:4.

33a Marko 16:16.
NKM Bhabhatidza—
Zvinofanira.

b NKM Ruponeso.

c NKM Kubwinya
kweSeresityaro.
35a Eta 4:12.

b 3 Ni. 9:20; 12:2.
c NKM Mweya
Mutsvene.

37a Marko 10:15;
Ruka 18:17;
Mosaya 3:19;
3 Ni. 9:22.

nokuti hakuna imwe nzira yamungagamuchire nayo zvinhu izvi.

38 Uye zvakare ndinoti kwamuri, munofanira kutendeuka, mugobhabhatidzwa muzita rangu, muve semwana muduku, nokuti hakuna imwe nzira yamungawane nayo umambo hwaMwari.

39 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, iyi idzidziso yangu, uyo ^aanovaka pamusoro payo anovaka pamusoro pedombo rangu, ^bmasuwo egehena haana simba pamusoro pavo.

40 Uye uyo achataura zvakanwanda kana zvisvishoma pane izvi, achizviti ndezvedzidziso yangu, iyeye anobva kuzvivi, uye haana kuvakwa padombo rangu; asi anovaka pahwaro ^ahwejecha, uye masuwo egehena akashama kuti avagamuchire pachauya mvura zhinji nemhepo ichivarova.

41 Naizvozvo, endai kuvanhu ava, mutaure mazwi andataura, kumativi ose enyika.

CHITSAUKO 12

Jesu anodaidza nokuraira vaneGumi neVaviri—Anopa kumaNifai nhorooondo yakafanana neMharidzo yapagomo—Anotaura Mitemo yemaRopafadzo—Dzidziso dzake dzinotaura zviiri pamusoro pemitemo yaMosesi—Vanhu vanorai-

rwa kuva vatsvene saiye naBaba vatsvene—Enzanisa naMateo 5. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaaitika kuti apo Jesu akanga ataura mashoko aya kuna Nifai, nokuna avo vakanga vadaidzwa (zvino huwandu hweavo vakange vadaidzwa, nokugamuchira simba nemvumo yokubhabhatidza hwaiva ^agumi nevaviri) uye tarisai, akatambanudza ruoko rwake kugungano, akachema kwavari, achiti: ^bMakakomborerwa imi mukateerera mashoko evanegumi nevaviri ava ^cvandasarudza kubva pakati penyu kuti vakuparidzirei, nokuva varanda venyu; uye kwavari ndapa simba rokuti vakubhabhatidzei nemvura; shure kwekunge mabhabhatidzwa nemvura, tarisai, ini ndichakubhabhatidzai nomoto uye noMweya Mutsvene; naizvozvo makakomborerwa kana muchitenda mandiri nokubhabhatidzwa, shure kwekondiona mukandiziva kuti ndini ini.

2 Uye zvakare, vakakomborerwa zvizhinji avo ^avachatenda kumazwi enyu nokuti muchapupura kuti makandiona, uye kuti munoziva kuti ndini. Hongu, vakakomborerwa avo vachatenda mazwi enyu, ^bvachiuya vakazvininipisa kuzobhabhatidzwa, nokuti vachashanyirwa ^cnomoto noMweya Mutsvene,

39a Mat. 7:24–29;
Hir. 5:12.
NKM Ibwe.
b 3 Ni. 18:12–13.
40a 3 Ni. 14:24–27.

12 1a 3 Ni. 13:25.
b NKM Kuropafadzwa.
c NKM Akadaidzwa
naMwari.
2a D&Z 46:13–14.

NKM Daira.
b Eta 4:13–15.
c 3 Ni. 11:35; 19:13.

uye vachagamuchira kanganwiro yezvivi zvavo.

3 Hongu, vakakomborerwa “varombo pamweya ^bvanouya kwandiri, nokuti umambo hwo-kudenga ndohwavo.

4 Uye zvakare, vakakomborerwa avo vanochemba, nokuti vachanyaradzwa.

5 Uye vakakomborerwa “vanyoro, nokuti vachagara nhaka ^bnyenika.

6 Uye vakakomborerwa vane “nzara ^bnyenika ^cyokururama, nokuti vachagutswa noMweya Mutsvene.

7 Uye vakakomborerwa vane “tsitsi, nokuti vachanzwirwa tsitsi.

8 Uye vakakomborerwa vane mwoyo “yakachena nokuti ^bvachaona Mwari.

9 Uye vakakomborerwa “vayanansi nokuti vachanzi ^bvana vaMwari.

10 Uye vakakomborerwa vose avo “vanotambudzwa nokuda kwezita rangu, nokuti umambo hwokudenga ndohwavo.

11 Uye makakomborerwa imi, kana vanhu vachikutukai, vachikutambudzai vachitaura zvaka-ipa zvose dziri nhema nokuda kwangu.

12 Nokuti muchawana rufaro rwukuru kwazvo, mugofara zvakananyanya nokuti “mubairo

wenyu uchave mukuru kudenga; nokuti vakatambudza saizvozvi maporofita vakakutangirai.

13 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndinokupai kuti muve “munyu wenyika; asi kana munyu usisavavi, nyika ingarungwa neiko? Munyu uyu hauchabatsiri chinhu, asi kurasirwa kunze wotsikwa netsoka dzevanhu.

14 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndinokupai kuti muve chiedza chavanhu ava, Guta rakavakwa pamusoro pegomo haringavanzike.

15 Tarisai, vanhu vanotungidza “mwenje vouisa pasi pedengu here? Kwete, asi pachigadziko, kuti uvhenekere vose vari mumba.

16 Naizvozvo “chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu ava, kuti vaone mabasa enyu akanaka vogokudza Baba venyu vari kudenga.

17 Musafunge kuti ndauya kuzoparadza murairo kana vaporofita. Handina kuuya kuzoparadza asi kuzozadzikisa;

18 Nokuti, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, hakuna chimwechete kana kaduku-duku zvako kabviswa “pamutemo, asi kuti mandiri zvose zvazadzikiswa.

19 Uye tarisai, ndakupai mute-

3a D&Z 56:17–18.
NKM Akazvinipisa.
^b Mat. 11:28–30.
5a VaR. 12:16;
Mosaya 3:19.
NKM Akapfava.
^b NKM Pasi.
6a 2 Ni. 9:51;
Eno. 1:4.

^b Jer. 29:13.
^c Zir. 21:21.
7a NKM Anetsitsi.
8a NKM Chakachena.
^b D&Z 93:1.
9a NKM Muyanansi.
^b NKM Vanakomana
neVanasikana
vaMwari.

10a D&Z 122:5–9.
NKM Kupfuvisa.
12a Eta 12:4.
13a D&Z 101:39–40.
NKM Munyu.
15a Ruka 8:16.
16a 3 Ni. 18:24.
18a NKM Mutemo
waMosesi.

mo nomurairo waBaba vangu, kuti muchatenda mandiri, ne-kuti muchatendeuka pazvivi zvenyu, mouya kwandiri, no-mwoyo “wakatyoka nemweya wakazvirereka. Tarisai, mune mirairo pamberi penyu, uye ^bmutemo wazadzikiswa.

20 Naizvozvo uyai kwandiri mugoponeswa; nokuti zviro-kwazvo ndinoti kwamuri, kunze kwokunge machengeta mirairo yangu, iyo ndakurairai panguva ino, hamuna nzira yamungapi-nde nayo muumambo hwokudenga.

21 Makanzwa kuti zvakanzi nevekare; uye zvakare zvakan-nyorwa pamberi penyu, kuti “musauraya, nokuti uyo wose anouraya achave munjodzi yekutongwa.

22 Asi ndinoti kwamuri, uyo wose akatsamwira hama yake achave munjodzi yekutongwa naye. Uye uyo wose anoti ku-hama yake, Benzi, achave munjodzi yokutongwa nedare, uye uyo wose anoti: Zibenzi; achave munjodzi yegehena romoto.

23 Naizvozvo, kana muchinge mauya kwandiri, kana kuti mu-ine chido chokuuya kwandiri, muchirangarira kuti hama ye-nyu ine mhosva nemi—

24 Endai kuhama yenyu, ^amu-mbondoyanana nehama yenyu, mugozouya kwandiri nehu-

dzami hwemwoyo wenyu wose, ndinokutambirai.

25 Kurumidzai kuwirirana no-muvengi wenyu muchiri mu-nzira naye, nokutya kuti dzimwe nguva akakubatai muchazoiswa mutirongo.

26 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, hamungato-ngobudimo, musati maripa senine rokupedzisira. Uye mu-chiri mutirongo kudaro munga-ripe kana “senine zvaro? Zviro-kwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, Kwete.

27 Tarisai, zvakanyorwa neve-kare kuti, musaita “upombwe; 28 Asi ndinoti kwamuri, uyo anotarira mukadzi, “achimuchiva, watoita upombwe mu-mwoyo make.

29 Tarisai, ndinokupai murai-ro, kuti musabvumire zvinhu izvi kuti zvipinde “mumwoyo yenyu.

30 Nokuti zviri nani kuti mu-rambe pachenyu zvinhu izvi, zvekuti musimudze “muchinjikwa wenyu, pane kuti muka-ndwe mugehena.

31 Zvakanyorwa, kuti anora-mba mukadzi wake, ngaamupe rugwaro ^arwokurambana.

32 Zvirokwasvo, zvirokwa-zvo, ndinoti kwamuri: Uyo ^aanoramba mukadzi wake, ku-nze kwechikonzero ^bcheupo-mbwe, anomuitisa ^cupombwe,

19a 3 Ni. 9:20.
NKM Mwoyo
Wakatyoka.
^b 3 Ni. 9:17.

21a Eks. 20:13;
Mosaya 13:21;
D&Z 42:18.

24a NKM Regerera.
26a Aruma 11:3.
27a 2 Ni. 9:36;
D&Z 59:6.
28a D&Z 42:23.
NKM Ruchiva.
29a Mabasa 8:22.

30a Mat. 10:38; 16:24;
Ruka 9:23.

31a NKM Kurambana.
32a Marko 10:11–12.

^b NKM Kusanganana
kusina kururama.
^c NKM Hupombwe.

uye achawana wakarambwa, anoita upombwe.

33 Uye zvakare zvakanyorwa; usapika zvenhema, asi itira Ishe zvawakamupikira “nemhiko;

34 Asi zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: “Musatongopika, kunyange nokudenga, nokuti ndicho chigaro choushe hwaMwari.

35 Kunyange nenyika nokuti ndicho chitsiko chetsoka dzavo.

36 Kana kupika nomusoro wenyu, nokuti hamugoni kushandura ruvhudzi rumwe kuti ruve rwutema kana rwuchena.

37 Asi shoko renyu rive: Hongu, hongu; Kwete, kwete, nokuti zvinotaurwa zvinopfuura izvo-zvi, zvinobva kuno wakaipa.

38 Uye tarisai, zvakanyorwa kuti “ziso neziso, zino nezino;

39 Asi ndinoti kwamuri: “Musatsiva kuipa, asi anokurova padama rorudyi, ^bmupezve rekuruboshwe;

40 Uye kana munhu achikumhan’arira, kuti akutorere bhatyi rako, umutendere nehanzu yokunze.

41 Uye anokumanikidza kufamba chinhambwe chimwe, enda naye zviviri.

42 “Ipa anokumbira kwauri, usafuratira uyo anoda kukweta kwauri.

43 Uye tarisai zvakanyorwa zvakare kunzi: Ude wokwako, uvenge muvengi wako;

44 Asi tarisai ini ndinoti kwamuri: Idai “vavengi venyu, mupafadze vanokutukai, muitire zvakana vanokuvengai, ^bmunamatire vanokutambudzai nekukushorai;

45 Kuti muve vana vaBaba venyu vari kudenga; nokuti vanoita kuti zuva rivhenekere vakaipa nevakanaka.

46 Naizvozvo zvinhu zvose zvakanga zviru zvakare, zvaive pasi pomutemo, mandiri, zva-zadzikiswa zvose.

47 Zvinhu “zvakare zvaguma, uye zvinhu zvose zvava zvitsva.

48 Naizvozvo ndinoda kuti muve “vatsvene seni, kana saBaba venyu vari kudenga vanova vatsveve.

CHITSAUKO 13

Jesu anodzidzisa maNifai munamato waIshe—Vanofanira kuisa upfumi hwavo kudenga—VaneGumi neVaviri muushumiri hwavo vanorairwa kuti vasafunge zvezvinhu zvenyama—Enzanisa naMateo 6. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVIROKWAZVO, zvirokwazvo, ndinoti dai “muchipa kuvarombo; asi chenjererai kuti musaita zvinhu izvi kuti muonekwe navanhu; nokuti mukadaro hamuna mubairo kuna Baba venyu vokudenga.

33a NKM Chitsidzo.

34a NKM Kusvibisa.

38a Zvaka. 24:20.

39a 3 Ni. 6:13;

4 Ni. 1:34;

D&Z 98:23–32.

b NKM Mwoyo Murefu.

42a Jak. 2:17–19;

Mosaya 4:22–26.

44a Zir. 24:17;

Aruma 48:23.

b Mabasa 7:59–60.

47a 3 Ni. 15:2, 7;

D&Z 22:1.

48a Mat. 5:48;

3 Ni. 27:27.

NKM Kukwana.

13 1a NKM Kupa zvipo.

2 Naizvozvo, kana mopa musaridze hwamanda yenyu, sezvinoita vanyengeri mumasinagogo nomunzira, kuti “vakudzwe nevanhu. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vane mubairo wavo.

3 Asi kana muchipa musaite kuti ruoko rwenyu rworuboshwe rwuzive chinoitwa noruko rwenyu rworudyi.

4 Kutu kupa kwenyu kuve muruvande; Baba venyu avo vanoona muruvande, ivavo vachakupai mubairo pachena.

5 Uye kana “muchinamata musava savanyengeri, nokuti vanofarira kunamata, vakamira mumasinagogo nepamharadzano dzenzira, kuti vaonekwe nevanhu. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vane mubairo wavo.

6 Asi iwe, kana uchinamata pinda mumba yako yomukati, kana wapfiga musuo wako, wonamata kuna Baba vako vari pakavanda, uye Baba vako vanoona pakavanda vachakupa mubairo pachena.

7 Asi kana muchinamata, musadzokerere zvisina maturo, samaJentairi, nokuti vanofunga kuti vachanzwika nokutaurisa kwavo.

8 Naizvozvo musafanana navo; nokuti Baba venyu “vanoziva zvamunoda musati mavakumbira.

9 Naizvozvo “mutsika iyi imi ^bnamatai: “Baba vedu muri kudenga, zita renyu ngarikudzwe.

10 Kuda kwenyu kuitwe panika sezvinoitwa kudenga.

11 Uye mutiregerere zvikwereti zvedu sekuregerera kwatinaita vane zvikwereti nesu.

12 Uye “musatitungamirire mukuedzwa, asi mutisunungure pane zvakaipa.

13 Nokuti umambo ndohwenyu, nemasimba; nokubwinya, nokusingaperi. Amenii.

14 Nokuti, kana “mukaregerera vanhu kukutadzirai kwavo, Baba venyu vekudenga vachakuregereraiwo;

15 Asi mukasaregerera vanhu kukutadzirai kwavo, Baba venyu havangakuregerereiwo kutadza kwenyu.

16 Zvakare, kana “muchitsanya regai kuva savanyengeri nechiso chakasuwa, nokuti vanoipisa zviso zvavo kuti vagoonekwa navanhu kuti vari kutsanya. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vane mubairo wavo.

17 Asi iwe, kana uchitsanya, zora musoro wako ugeze kumeso kwako;

18 Kutu urege kuonekwa navanhu kuti uri kutsanya, asi kuna naBaba vako, vari “pakavanda; uye Baba vako, vanoona pakavanda, vachakupa mubairo pachena.

2a D&Z 121:34-35.

5a NKM Munamoto.

8a D&Z 84:83.

9a Mat. 6:9-13.

b NKM Munamoto.

c NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Baba.

12a DJS, Mat. 6:14.

14a Mosaya 26:30-31;

D&Z 64:9.

NKM Regerera.

16a Isa. 58:5-7.

NKM Kutsanya.

18a D&Z 38:7.

19 Regai kuzviunganidzira pfuma panyika, padzinoparadzwa nezvipfukuto kana ngura, uye mbavha dzinopaza dzichiba;

20 Asi muzviunganidzire “pfuma kudenga, kusina zvipfukuto kana ngura zvinoparadza, uye kusina mbavha dzinopaza kana kuba.

21 Nokuti pane pfuma yako, nomwoyo wako uchavapowo.

22 “Mwenje womuviri iziso; kana, naizvozvo, ziso rako rakatarisa chinhu chimwechete, muviri wako wose uchazara nechiedza.

23 Asi kana ziso rako rakaipa, muviri wako wose uchazara nerima. Naizvozvo, kana chiedza chiri mauri riri rima, irima rakakura sei iroro!

24 Hapana munhu “angashandire vatenzi vaviri; nokuti achavenga mumwe oгода mumwe, kana kuti achavimbika kune mumwe ogozvidza mumwe. Hamugoni kushandira Mwari nePfuma.

25 Uye zvino zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya akatarisa kune vanegumi navaviri vaakanga asarudza, akati kwavari: Rangarirai mazwi andataura. Nokuti tarisai, ndimi vandasarudza kuti “mushumire kuvanhu ava. Naizvozvo ndinoti kwamuri, ^bmusafunge pamusana poupenyu hwenyu, chamuchadya, kana chamuchanwa; kana pamusoro pomuviri wenyu, zvamuchapfeka.

Upenyu haupfuuri zvokudya here, kana muviri haupfuuri zvokupfeka here?

26 Tarisai shiri dzedenga, nokuti hadzidyari, hadzikohwe kana kututira mumatura; asi Baba venyu vekudenga vanodzipa zvokudya. Imi hamusi nani chaizvo kwadziri here?

27 Ndianiko pamuri angawedzere kubiti imwechete yekureba kwake nokufunga chete?

28 Uye munofungireiko pamusana pezvokupfeka? Fungai maruva omusango kukura kwanoita; haashandi, haaruki;

29 Asi ini ndinoti kwamuri, kunyange Soromoni, nembiri yake yose, haana kunge akashongedzwa serimwe rawo.

30 Naizvozvo, kana Mwari vachipfekedza uswa hwesango kudai, huripo nhasi, mangwana huchikandwa muchoto, nezvo vachakupfekedzai, kana kute nda kwenyu kusiri kushoma.

31 Naizvozvo musafunge, mu-chiti: Tichadyei? kana, Tichanwei? kana, Tichapfekeiko?

32 Nokuti Baba venyu vekudenga vanoziva kuti izvozvi zvose munozvida.

33 Asi tangai kutsvaka “umambo hwaMwari nokururama kwavo, zvose izvozvi muchazvipamhidzirwa.

34 Naizvozvo musafunge pamusoro pezvamangwana, nokuti mangwana anozvifungira zvawo. Zuva rimwe nerimwe rinokwanirana nenhamo dzaro.

20a Hir. 5:8; 8:25.

22a D&Z 88:67.

24a I Sam. 7:3.

25a NKM Mushumiri.

b Aruma 31:37–38;

D&Z 84:79–85.

33a Ruka 12:31.

CHITSAUKO 14

Jesu anoraira: Musatonge; kumbirai kuna Mwari; chenjererai maporofita venhema—Anovimbisapuroneso kune avo vanoita kuda kwaBaba—Enzanisa naMateo 7. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya akatarira zvakare kugungano, akazarura muromo wake zvakare kwavari, achiti: Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, “Musatonga, kuti murege kutongwawo.

2 “Nokuti kutonga kwamunotonga nakwo, muchatongwa nakwowo; nechiero chamunoera nacho, muchaerwa nachowo.

3 Uye unotarisiwei rubanzu rwuri muziso rehama yako, asi hauoni danda riri muziso rako?

4 Kana ungataura seiko nehama yako uchiti: Rega ndibvise rubanzu muziso rako—uye tarisai, muziso rako mune danda?

5 Iwe munyengeri, tanga wabvisa “danda riri muziso rako, ugoona zvakanaka kubvisa rubanzu rwuri muziso rehama yako.

6 Musapa imbwa zvinhu “zvitsvene, kana kukanda chuma chenyu kunguruve, nokuti dzinochitsika netsoka dzadzo, dzokutendeukirai dzokurumai.

7 “Kumbirai, muchapiwa; tsva-

kai, muchawana; gogodzai, muchazarurirwa.

8 Nokuti wose anokumbira, achagashira; uye anotsvaka, anowana; uyezve kune uyo anogugudza, anozarurirwa.

9 Kana kuti ndiani pamuri, anoti, kana mwanakomana wake akumbira chingwa, omupa ibwe?

10 Kana kuti akakumbira hove, angamupe nyoka?

11 Kana zvino imi makaipa, muchiziva kupa vana venyu zvipo zvakanaka, ko Baba venyu vari kudenga vachapa zvipo zvakanaka sei kune vanokumbira kwavari?

12 Naizvozvo, zvinhu zvose zvamunoda kuti vanhu vakuitirei, nemi “vaitireiwo, nokuti uyu ndiwo murairo namaporofita.

13 Pindai nesuwo “rakamanikana; nokuti suwo rakafara, nenzira ^byakapamhama, inoenda mukuparadzwa; uye kune vazhinji vanopinda namo;

14 Nokuti ^asuwo rakamanikana, nenzira ^byakamanika, inoenda kuupenyu, uye vanoiwana “vashoma.

15 Chenjererai maporofita “venhema, vanouya kwamuri nenguwo dzamakwai, asi mukati mapumhi anoparadza.

16 Muchavaziva nezvibereko zvavo. Vanhu vanotanha madzamingira paminzwa here kana maonde parukato here?

14 1a djs, Mat. 7:1–2;

Joh. 7:24.

2a Morm. 8:19.

5a Joh. 8:3–11.

6a NKM Mutsvene.

7a 3 Ni. 27:29.

NKM Munamoto.

12a NKM Kunzwa Tsitsi.

13a Ruka 13:24;

3 Ni. 27:33.

b D&Z 132:25.

14a 2 Ni. 9:41; 31:9, 17–18;

D&Z 22:1–4.

b 1 Ni. 8:20.

c 1 Ni. 14:12.

15a Jer. 23:21–32;

2 Ni. 28:9, 12, 15.

17 Saizvozvo muti wose wakanaka unobereka zviwereko zvakanaka; asi muti wakaipa unobereka zviwereko zvakaipa.

18 Muti wakanaka haungabereki zviwereko zvakaipa, kana muti wakaipa haungabereki zviwereko zvakanaka.

19 Muti wose “usingabereki zviwereko zvakanaka unotemwa, wokandwa mumoto.

20 Nokudaro, “nezviwereko zvavo muchavaziva.

21 Havasi vose vanoti kwandiri, Ishe, Ishe, vachapinda mumambo hwokudenga; asi uyo anoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga.

22 Vazhinji “vachati kwandiri nezuya iroro, Ishe, Ishe, hatina kuporofita muzita renyu here, nokudzanga mweya yakaipa muzita renyu, nokuita mabasa anoshamisa muzita renyu?

23 Uye zvino ndichavaudza pachena ndichiti: Handina “kutombokuzivai; ^bibvai kwandiri, imi vokuita zvisakarurama.

24 Naizvozvo, uyo anonzwa mashoko angu aya akaaita, ndinomufananidza nomurume akachenjera, akavaka imba yake “paruware—

25 Uye “mvura ikaturuka, mvura zhinji ikauya, mhupo ikavhuvhuta, ikarova imba iyi; ^bikasawa, nokuti yakanga yakavakirwa paruware.

26 Uyezve wose anonzwa mashoko angu aya akasaaita anga-

fananidzwe nomurume benzi, akavaka imba yake “pajecha—

27 Mvura ikaturuka, mvura zhinji ikauya, mhupo ikavhuvhuta, ikarova imba iyi; ikawa, kuwa kwayo kukava kukuru.

CHITSAUKO 15

Jesu anotaura kuti murairo waMosesi unozadzikiswa maari—MaNifai ndivo vamwe vemakwai aakataura nezvawo muJerusarema—Nokuda kwekusarurama, vanhu vaIshe muJerusarema havazivi nezve makwai aIsraeri akapararira. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti Jesu akati apedza kutaura uku akatarisa kugungano, akati kwavari: Tarisai, manzwa mashoko andadzidzisa ndisati ndakwira kuna Baba vangu; naizvozvo, uyo wose acharangarira kutaura kwangu uku “nokukuita, iyeye ^bndichamumutsa pazuva rokupedzisira.

2 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mashoko iwaya akaona kuti pakati pavo pakange pane vamwe vaishamiswa, nokukahadzika kuti achaita sei “nomutemo waMosesi; nokuti havana kunge vanzwa kuti zvakare zvakanga zvapfuura, uye kuti zvinhu zvose zvakanga zvava zvitsva.

3 Uye akati kwavari; Musasha-

19a Mat. 3:10;
Aruma 5:36–41;
D&Z 97:7.

20a Ruka 6:43–45;
Moro. 7:5.

22a Aruma 5:17.

23a Mosaya 5:13;
26:24–27.

b Ruka 13:27.

24a NKM Ibwe.

25a Aruma 26:6; Hir. 5:12.

b Zir. 12:7.

26a 3 Ni. 11:40.

15 1a Jkb. 1:22.

b 1 Ni. 13:37;

D&Z 5:35.

2a NKM Mutemo
waMosesi.

miswa kuti ndataura kwamuri kuti zvinhu zvakare zvapfuura, uye kuti zvinhu zvose zvava zvitva.

4 Tarisai, ndinoti kwamuri “mutemo wakazadzikiswa uyo wakapiwa kuna Mosesi.

5 Tarisai, “ndini ndakapa murairo, ndini ndakabvumirana nevanhu vangu veIsraeri; naitzvovvo, mutemo mandiri ^bwakazadzikiswa, nokuti ndakauya kuzozadzikisa mutemo; naitzvovvo une magumo.

6 Tarisai, “handiparadze maporofita, nokuti avo vose vasati vazadzikiswa mandiri, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vose vachazadzikiswa.

7 Uye nokuti ndati kwamuri zvinhu zvakare zvapfuura, handingaparadze izvo zvakataurwa pamusoro pezvinhu zvi-chauya.

8 Nokuti tarisai, “chibvumirano chandakaita nevanhu vangu hachisati chazadzikiswa chose; asi mutemo uyo wakapiwa kuna Mosesi une magumo mandiri.

9 Tarisai, ndiri ^amutemo, ^bnehchiedza. Tarisai kwandiri, mushingirire kusvikira kumagumo, ‘muchararama; nokuti kune uyo ^dachashingirira kusvika kumagumo ndichapa upenyu hwo-kusingaperi.

10 Tarisai, ndakakupai ^amirairo;

naizvovvo chengetai mirairo yangu. Uye ndiwo murairo nemaporofita, nokuti zvechokwadi ^bvanopupura pamusana pangu.

11 Uye zvino zvakaitika kuti Jesu akati ataura mazwi aya, akati kune gumi nevaviri vaye vaakanga asarudza:

12 Muri vadzidzi vangu; uye muri chiedza kuvanhu ava, vakasara vechizvarwa chemba ^ayaJosefa.

13 Uye tarisai, iyi ^ainyika yenhaka yenyu; Baba vakaipa kwamuri.

14 Uye hakuna imwe nguva apo Baba vakandipa mirairo yokuti ^anditaure izvi kuhama dzenyu muJerusarema.

15 Kana imwe nguva apo Baba vakandipa mirairo yokuti nditaure maererano ^anamamwe marudzi emba yaIsraeri, ayo akatungamirirwa naBaba kubva munyika iyoyo.

16 Izvi ndizvo zvandakarairwa chete naBaba, kuti nditaure kwavari:

17 Kuti ndine mamwe makwai asiri edanga rino; iwayo ndinofanira kuuya nawoo, achanzwa izwi rangu; uye richazova danga rimwechete, ^anomufudzi mumwechete.

18 Uye zvino, nenzira yokuma mitsipa nokusatenda kwavo havana ^akunzwisisa shoko

4a Mosaya 13:27-31;

3 Ni. 9:17-20.

5a I VaKori. 10:1-4;

3 Ni. 11:14.

NKM Jehova.

b Aruma 34:13.

6a 3 Ni. 23:1-5.

8a 3 Ni. 5:24-26.

9a 2 Ni. 26:1.

b NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

c Joh. 11:25; D&Z 84:44.

d NKM Tsungirira.

10a 3 Ni. 12:20.

b Mosaya 13:33.

12a NKM Josefa,

Mwanakomana

waJakobo.

13a 1 Ni. 18:22-23.

14a 3 Ni. 5:20.

15a 3 Ni. 16:1-4.

NKM Israeri—

Marudzi gumi

akarasika alIsraeri.

17a NKM Mufudzi

Akanaka.

18a D&Z 10:59.

rangu; naizvozvo ndakarairwa naBaba kuti ndisataure zvakare pamusana pechinhu ichi kwavari.

19 Asi zvirokwazvo, ndinoti kwamuri Baba vakandiraira ini, uye ndinokutaurirai, kuti makapatsanurwa kubva kwavari nokuda kwokusarurama kwavo; naizvozvo inzira yokusarurama kwavo inoita kuti vasakuzivei.

20 Uye zvirokwazvo, ndinoti kwamuri zvakare mamwe marudzi Baba vakapatsanura kubva kwavari; uye inzira yokusarurama kwavo kuti vasavazive.

21 Uye zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndimi avo vandakataura ndichiti: Ndina “mamwe makwai asati ari edanga rino, iwo zvekare ndinofanira kuuya nawo, uye achanzwa izwi rangu, rikazova danga rimwechete, nomufudzi mumwechete.

22 Uye havana kundinzwisisa, nokuti vaifungidzira kuti ndaireva ^amaJentairi; nokuti havainzwisisa kuti maJentairi vaifanira ^bkudzorwa nokuparidza kwavo.

23 Uye havana kundinzwisisa kuti ndakati vachanzwa izwi rangu; havana kundinzwisisa zvakare zvandakati ^amaJentairi haafanire kuti nerimwe zuva vanzwe izwi rangu —nokuti handaifanira kuzviratidza kwavari kunze kwokunge zvaitwa neMweya ^bMutsvene.

24 Asi tarisai, mose manzwa

izwi ^arangu, mukandiona; uye muri makwai angu, makavengerwa pakati peavo ^bvandakapiwa naBaba.

CHITSAUKO 16

Jesu achashanyira mamwe makwai akarasika eIsraeri — Mumazuva ekupedzisira shoko richaenda kumaJentairi rozoenda kune vemba yaIsraeri — Vanhu vaIshe vachawirirana apo achauza zvakare Zioni. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri ndine ^amamwe makwai, asati ari enyika ino, kana enyika yeJerusarema, kana edzimwe nzvimbo dzenyika dzakatenderedza uko kwose ndaiparidza.

2 Nokuti avo vandiri kutaura ndeavo vasati vanzwa izwi rangu; kana ini kuzviratidza kwavari neimwe zvayo nguva handisati.

3 Asi ndakagamuchira murairo kubva kuna Baba kuti ndakafanira kuenda ^akwavari, uye kuti vachanzwa izwi rangu, uye vachazoverengerwa pamwe namakwai angu, kuti rive danga rimwechete nomufudzi mumwechete; naizvozvo ndinoenda kundozviratidza kwavari.

4 Uye ndinokurairai kuti munofanira kunyora ^azvinhu izvi

21a Joh. 10:14–16.

22a NKM Majentairi.

^b Mabasa 10:34–48.

23a Mat. 15:24.

^b 1 Ni. 10:11.

NKM Mweya

Mutsvene.

24a Aruma 5:38;

3 Ni. 16:1–5.

^b Joh. 6:37;

D&Z 27:14.

16 1a 3 Ni. 15:15.

NKM Israeri—

Marudzi gumi

akarasika aIsraeri.

3a 3 Ni. 17:4.

4a NKM Magwaro

matsvene.

shure kwokuenda kwangu, kuti kana zvichibvira vanhu vangu vekuJerusarema, avo vakandi-ona uye vaive neni muushumiri hwangu, havakumbiri Baba no-mwizita rangu, kuti vakuzivi-swei noMweya Mutsvene, uye nokuziva mamwe marudzi avasina kumboziva, kuti zvinhu izvi zvamuchanyora zvichache-ngetwa zvozoratidzwa ^bkuma-Jentairi, kuti nenzira yokuzara kwemaJentairi, vakasara vembeu yavo, yakapararira pamusoro penyika nenzira yokusatenda kwavo, kuti zvimwe vangau-nzwe, kana kuti vangaunzwe kuti ‘vazive ini, Mununuri wavo.

5 Uye ipapo ^andichavaunga-nidza kubva kumativi mana enyika; zvino ndichazadziki-sa ^bchibvumirano chakaitwa naBaba navanhu vose ‘vemba yaIsraeri.

6 Uye vakakomborerwa ^ama-Jentairi, nokuda kwokutenda kwavo mandiri, ^bnomuMweya Mutsvene nezveMweya Mutsvene, uyo unopupura kwavari pamusoro pangu naBaba.

7 Tarisai, nokuda kwokutenda kwavo mandiri, Baba vanodaro, zve nokuda kwokusatenda kwe-nyu, imba yaIsraeri, mumazuva ^aekupedzisira chokwadi chicha-uya kumaJentairi, kuti chokwadi chezvinhu izvi chichazivikanwa kwavari.

8 Asi nhamo, vanodaro Baba, kune vasingatendi vemaJentairi—kana dai vakauya pamusoro penyika ino, ^avakaparadzira vanhu vangu vemba yaIsraeri; uye vanhu vangu vanova vemba yaIsraeri ^bvakadzvingwa pakati pavo, vakatsikirirwa pasi petsoka dzavo.

9 Uye nokuda kwetsitsi dza-baba kumaJentairi, uye nokuto-nga kwaBaba kuvanhu vangu avo vemba yaIsraeri, zvirokwa-zvo, zvirokwazvo, ndinoti kwa-muri, shure kwezvinhu izvi zvose, ndaita kuti vanhu vangu vemba yaIsraeri varohwe, noku-rwadziswa, ^anokuuruiwa, noku-va vanobviswa mukati mavo, nokuti vave vanovengwa navo, nokuvaita chitukiso nokuvare-va pakati pavo—

10 Uye ndizvo zvdandarirwa naBaba kuti ndikutaurirei: Pazu-va iro maJentairi vachatadzira vhangeri rangu, uye vachira-mba kuzara kwevhangeri rangu, uye ^avachasimuka no-kuzvikudza kwemwoyo yavo pamusoro pamarudzi ose, ne-pamusoro pevanhu vose vepa-si rose, uye vachazadzwa nokunyepa kwemarudzi ose, nokunyengedza, nokusanzwa, nenzira dzose dzokunyenge-dza, noumhondi, nehupirisita ^bhusakarurama, noupfambi, no-kutadza kwakavanzika; kana

4b 1 Ni. 10:14;

3 Ni. 21:6.

c Ezk. 20:42–44;

3 Ni. 20:13.

5a NKM Israeri—

Kuunganidzwa

kwa Israeri.

b 3 Ni. 5:24–26.

c 1 Ni. 22:9;

3 Ni. 21:26–29.

6a 1 Ni. 13:30–42;

2 Ni. 30:3.

b 2 Ni. 32:5;

3 Ni. 11:32, 35–36.

NKM Mweya

Mutsvene.

7a NKM Kudzororwa

pakare kweVhangeri.

8a 1 Ni. 13:14;

Morm. 5:9, 15.

b 3 Ni. 20:27–29.

9a Amosi 9:1–4.

10a Morm. 8:35–41.

b 2 Ni. 26:29.

vakaita zvinhu zvose izvi, vakaramba kukwana kweshoko rangu, tarisai, Baba vanotaura, ndichabvisa shoko rangu rize-re kwavari.

11 Uye “ndichazorangarira chibvumirano chandakaita nanvanhu vangu, imba yaIsraeri, ndichazounza shoko rangu mukati mavo.

12 Uye ndicharatidza kwauri, imba yaIsraeri, kuti maJentairi havazowana simba kupfuura iwe; asi ndicharangarira chibvumirano changu kwauri, imba yaIsraeri, uye uchazouya pakuziva “ruzivo rwekuzara kwevhangeri rangu.

13 Asi kana maJentairi vakate-ndeuka nokudzokera kwandiri, Baba vanoti, tarisai “vachazoverengerwa pamwe nevanhu vangu, vemba yaIsraeri.

14 Uye handizobvumira vanhu vangu, avo vemba yaIsraeri, kuti vaende pakati pavo, vachivatsikirira, Baba vanodaro.

15 Asi kana vasingadzokere kwandiri, nokuteerera kuzwi rangu, ndichabvumira; hongu, ndichabvumira vanhu vangu, imba yaIsraeri, kuti vaende pakati pavo, “vavatsikirire, vazove somunyu warunduka, usisina basa asi kuti ungoraswa kunze, nokutsikwa netsoka dzevanhu vangu, imba yaIsraeri.

16 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, izvi ndizvo zvandakarairwa naBaba—kuti

ndinofanira kupa kuvanhu ava nyika ino senhaka yavo.

17 Uye zvino “mazwi emuporofita Isaya achazadzikiswa, ayo anoti:

18 “Muchengeti ^bwenyu achasimudza izwi; neizwi pamwechete vachaimba, nokuti vachawirirana apo Ishe vachaunza zvakare Zioni.

19 Pindai mukufara, imbai pamwechete, imi nzvimbo dzakaparadzwa dzeJerusarema; nokuti Ishe vanonyaradza vanhu vavo, vanunura Jerusarema.

20 Ishe aisa ruoko rwake rwutsvene pachena mumaziso emarudzi ose; nekumagumo kwenyika kwose kwuchaona ruponeso rwaMwari.

CHITSAUKO 17

Jesu anotaurira vanhu kuti vafungisise pamusoro pamazwi ake nokunamata kuti vanzwisise—Anoporesa varwere vavo—Anonamatira vanhu, achishandisa mutauro usinganyoreki—Ngirozi dzinoparidzira uye moto unokomberedza vaduku vavo. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azoarwa.

TARISAI, zvino zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya akatarisa zvakare kugungano, ndokuti kwavari: Tarisai, “nguva yangu yasvika.

2 Ndinoona kuti makaneta,

11a 3 Ni. 21:1–11;

Morm. 5:20.

12a Hir. 15:12–13.

13a VaG. 3:7, 29;

1 Ni. 15:13–17;

2 Ni. 10:18; 3 Ni. 30:2;

Abr. 2:9–11.

15a Mika 5:8–15;

3 Ni. 20:16–19;

21:12–21;

D&Z 87:5.

17a 3 Ni. 20:11–12.

18a Ezk. 33:1–7.

NKM Murindiri.

b Isa. 52:8–10.

17 1a NEMAMWE MAZWI

kudzokera kunaBaba.

Ona ndima 4.

kuti "hamunzwise mazwi angu ose ayo andakarairwa naBaba kuti nditaure kwamuri panguva ino.

3 Naizvozvo, endai kudzimba dzenyu, "mufungisise pamusoro pezvinhu zvandataura, mukumbire Baba, muzita rangu, kuti muve munonzwisisa, ^bmugogadzirira pfungwa dzenyu ^czvamanwana, ndichauya kwamuri zvakare.

4 Asi iye zvino "ndinoenda kuna Baba, ^bnokunozviratidzawo kumarudzi eIsraeri ^cakarasika, nokuti havana kurasika kuna Baba, nokuti vanoziva kwavakavaendesa.

5 Uye zvakaitika kuti Jesu ataura kudaro, akatarisa zvakare kugungano, akaona vaine misodzi, vakaramba vakamutarisa kunge vachamukumbira kuti agare navo kwechinguvana.

6 Uye akati kwavari: Tarisai, ura hwangu huzere "netsitsi kwamuri.

7 Ko mune vanorwara here pakati penyu? Vaunzei kwandiri. Mune zvirema here, kana mapofu, kana vanokamhina, kana vakaremadzwa, kana vane maperemadzai, kana avo vakakonyara, kana vasinganzwi, kana avo vanorwadziwa nedzimwe nzira? Vaunzei kwandiri ndichavaporesa, nokuti ndine tsitsi nemi; ura hwangu huzere netsitsi.

8 Nokuti ndinoona kuti muri kuda kuti ndikuratidzei zvandakaita kuhama dzenyu kuJerusarema, nokuti ndinoona kuti "kutenda kwenyu ^bkwakakwana kuti ndikuporesei.

9 Uye zvakaitika kuti ataura kudaro, gungano rose, riri pamwechete, vakaenda nevarwere vavo vairwadziwa, nezvirema zvavo, namapofu avo, neavo vasingataure, neavo vose vairwadziwa zvakasiyana-siyana; vose "akavaporesa apo vaiunzwa kwaari.

10 Uye vose, vose vakange vaporeswa neavo vakange vakanaka, vakapfugama patsoka dzake, vakamunamata; uye avo vakakwanisa vegungano vakauya "vakatsvoda tsoka dzake, zvekuti vakashambidza tsoka dzake nemisodzi yavo.

11 Uye zvakaitika kuti akaraira kuti vana vavo "vaduku vaunzwe kwaari.

12 Saka vakaunza vana vavo vaduku vakavagadzika pasi vakamutenderedza, uye Jesu akamira pakati pavo; gungano rakapeura nzira kusvikira vose vaunzwa kwaari.

13 Uye zvakaitika kuti apo vose vakange vaunzwa kwaari, Jesu akamira pakati, akaraira gungano kuti "ripfugame pasi.

14 Uye zvakaitika kuti apo vakanga vapfugama pasi, Jesu akagomera nechemumwoyo,

2a Joh. 16:12;
D&Z 78:17-18.

3a NKM Fungisisa.
b D&Z 132:3.

c 3 Ni. 19:2.

4a 3 Ni. 18:39.

b 3 Ni. 16:1-3.

c NKM Israeri—
Marudzi gumi
akarasika aIsraeri.

6a NKM Kunzwa Tsitsi.

8a Ruka 18:42.

b 2 Ni. 27:23;

Eta 12:12.

9a Mosaya 3:5;
3 Ni. 26:15.

10a Ruka 7:38.

11a Mat. 19:13-14;

3 Ni. 26:14, 16.

13a Ruka 22:41;

Mabasa 20:36.

akati: Baba, ndiri “kutambudzi-ka pamusana pokuipa kwavanhu vemba yaIsraeri.

15 Uye ataura mazwi aya, iye wo pachake akapfugama pasi; tarisai akanamata kunaBaba, zvinhu zvaakanamatira hazvinganyorwe, avo vakanzwa vakapupura.

16 Uye mutsika iyoyi vanopupura vachiti: “Ziso harisati ramboona, kana nzeve haisati yambonzwa, zvinhu zvikuru zvinoshamisa zvatakaona nokunzwa Jesu achitaura kuna Baba;

17 Zve hakuna “rurimi rwungataure, zve hakuna munhu anga zvinyore, zve hakuna mwoyo yavanhu ingafunge zvinhu zvikuru zvinoshamisa zvatakaona tikanzwa Jesu achitaura; zve hapana munhu angazive rufaro rwakazadza mweya yedu panguva yatakanzwa achitinamatira kuna Baba.

18 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga apedza kunamata kuna Baba; akasimuka; asi “rufaro rwevanhu rwakatura zvekuti havana kukwanisa kusimuka.

19 Uye zvakaitika kuti Jesu akataura kwavari, akavati vasimuke.

20 Uye vakasimuka kubva pasi, akati kwavari: Makakomborerwa imi nokuda kwokutenda kwenyu. Zvino tarisai, kufara kwangu kwazadzikiswa.

21 Uye apo akanga ataura mazwi aya, “akachema, gungano

rikazvipupura, zve akatora vana vaduku vavo, mumwe nomumwe, ^bakavakomborerwa, akanamata kuna Baba pamusana pavo.

22 Uye apo akanga aita izvi akachema zvakare;

23 Uye akataura kugungano, akati kwavari: Tarisai vaduku venyu.

24 Uye apo vakatarisa vakaisa maziso avo kudenga, vakaona matenga achizaruka, vakaona ngirozi dzichiburuka kubva kudenga dzichiita kunge dziri pakati pomoto; dzakauya “dzikakomberedza vaduku vose, vakakomberedzwa nomoto; ngirozi dzikaparidza kwavari.

25 Uye gungano rakaona nokunzwa rikapupura; zve vanoziva kuti kupupura kwavo ndekwechokwadi nokuti vose vakaona nokunzwa, munhu wose pachake; mukuverenga vaikwana zviru zviru namazana mashanu emweya; kusanganisa varume, vakadzi navana.

CHITSAUKO 18

Jesu anotangisa sakaramende mu-maNifai—Vanorairwa kunamata nguva dzose muzita rake—Avo vanodya nyama yake nokunwa ropa rake vasina kukodzera vanoraswa—Vadzidzi vanopiwa simba roku-pa Mweya Mutsvene. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

14a Mos. 7:41.

16a Isa. 64:4;
I VaKori. 2:9;

D&Z 76:10, 114–119.

17a II VaKori. 12:4.

18a NKM Rufaro.

21a Joh. 11:35.

b Marko 10:14–16.

24a Hir. 5:23–24, 43–45.

UYE zvakaitika kuti Jesu akatuma vadzidzi vake kuti vaunze “chingwa newaini kwaari.

2 Uye apo vakanga vaenda kunotora chingwa newaini, akaudza gungano kuti rigare pasi.

3 Uye zvino vadzidzi vauya “nechingwa newaini, akatora chingwa akachimedura akachikomborera; akapa vadzidzi akavaudza kuti vadye.

4 Uye vadya vaguta, akavara-ira kuti vape kugungano.

5 Uye gungano radya raguta, akati kuvadzidzi: Tarisai mumwechete wenyu achagadzwa, kwaari ndichapa simba rokuti “achazomedura chingwa noku-chikomborera achipa kuvanhu vechechi yangu, kune avo vose vachatenda nokubhabhatidzwa muzita rangu.

6 Uye izvi muchaona kuti mazviita nguva dzose, sokuita kwandaita, sokumedura kwandaita chingwa nokuchikomborera ndikachipa kwamuri.

7 Uye izvi muchazviita “mukurangarira muviri wangu, uyo wandaratidza kwamuri. Uye uchazove uchapupu kuna Baba kuti muchandirangarira nguva dzose. Uye mukandirangarira nguva dzose Mweya wangu uchazova nemi.

8 Uye zvakaitika kuti ataura mazwi aya, akatuma vadzidzi vake kuti vatore waini yaive mumukombe vanwe, uyewo kuti vape kugungano kuti rinwewo.

9 Uye zvakaitika kuti vakaita saizvozvo, vakainwa vakaguta; vakapa kugungano, rikanwa, rikagutawo.

10 Uye vadzidzi vaita izvi, Jesu akati kwavari: Makakombore-rwa imi nokuda kwechinhu ichi chamaita, nokuti uku kuzadzikisa mirairo yangu, uye izvi zvinopupura kuna Baba kuti munoda kuita zvandakurairai.

11 Uye izvi muchazviita kune avo vose vanenge vatendeuka nokubhabhatidzwa muzita rangu; muchazviita mukurangarira ropa rangu, iro randakudeurirai, kuti muzopupura kuna Baba kuti munondirangarira nguva dzose. Uye mukandirangarira nguva dzose Mweya wangu uchave nemi.

12 Uye ndinopa kwamuri murairo wokuti muchaita zvinhu izvi. Zve mukaita zvinhu izvi nguva dzose makakomborerwa, nokuti makavakwa “padombo rangu.

13 Asi avo vachaita zvakapfuridza kana zvishoma pane izvi ivavo havana kuvakwa padombo rangu, asi vakavakwa pahwaro hwejecha; kana mvura ichinge yoturuka, nzizi dzozara, mhengo yovhuvhuta, ichivarova, “vachapunzika, zve misuwo^b yokugehena yakagadzirira kuzaruka ivagamuchire.

14 Naizvozvo makakombore-rwa kana mukachengeta mirairo yangu, iyo Baba vakandiraira kuti ndipe kwamuri.

18 1a Mat. 26:26-28.
3a NKM Sakaramende.
5a Moro. 4.

7a Moro. 4:3.
12a NKM Ibwe.
13a NKM Kurasiika

Pachitendero.
b 3 Ni. 11:39.

15 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, munofanira kutarisa “nokunamata nguva dzose, kuti musave munoedzwa nadhiabhorosi, mugotungamirwa muusungwa naye.

16 Uye sekunamata kwandaita pakati penyū ndiko kunamata kwamuchaita muchechi yangu, mukati mevanhu vangu vanotendeuka nokubhabhatidzwa muzita rangu. Tarisai ndini “chiedza; ndakupai ^bmuenzaniso.

17 Uye zvakaatika kuti Jesu akati ataura mazwi aya kuvadzidzi vake, akatendeuka kugungano akati kwariri:

18 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, munofanira kutarisa nokunamata kuti musapinde mukuedzwa; nokuti “Satani anoda kukutorai, kuti agokusefai segorosi.

19 Naizvozvo munofanira kunamata nguva dzose kuna Baba muzita rangu;

20 Uyezve “chosezvacho chamuchakumbira Baba muzita rangu, chakarurama, muchitenda kuti muchagamuchira, tarisai chichapiwa kwamuri.

21 “Namatai mumhuri dzenyu kuna Baba, nguva dzose muzita rangu, kuti vakadzi venyu nevana venyu vakomborerwe.

22 Uye tarisai, muchagara muchisangana; uye hamuzora-

mbidza mumwe munhu kuuya pamunenge muri kana muchinge maungana pamwechete, asi vasiyei vauye kwamuri musavarambidze;

23 Asi “muchavanamatira, uye hamuvadzinge; kana vachiuya kwamuri nguva dzose muchavanamatira kuna Baba, muzita rangu.

24 Naizvozvo, simudzai “mwenje wenyu kuti uvhenekere nyika yose. Tarisai ndini ^bchiedza chamuchasimudza—izvo zvamaona ndichiita. Tarisai maona kuti ndanamata kuna Baba, mose mazviona.

25 Uye munoona kuti ndataura kuti “pasave nomumwe wenyu anoenda, asi ndataura kuti muuye kwandiri, kuti ^bmunzwe muone; ndizvo zvamuchaita kunyika; zve uyo wose anotyora murairo uyu anozvikonzera kuti atungamirirwe mukuedzwa.

26 Uye zvino zvakaatika kuti Jesu ataura mazwi aya, akadzosa zvakare maziso ake kuvadzidzi vaakanga asarudza, akati kwavari:

27 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndinopa kwamuri mumwe murairo, ndadaro ndinofanirwa kuenda kuna “Baba vangu kuti ndizadzikise ^bmimwe mirairo iyo yavakandipa.

15a Aruma 34:17–27.
NKM Munamato.

16a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
^b NKM Jesu Kristu—
Muyenzaniso
waJesu Kristu.

18a Ruka 22:31;

2 Ni. 2:17–18;
D&Z 10:22–27.

20a Mat. 21:22;
Hir. 10:5;
Moro. 7:26;
D&Z 88:63–65.

21a Aruma 34:21.

23a 3 Ni. 18:30.

24a Mat. 5:16.
^b Mosaya 16:9.

25a Aruma 5:33.
^b 3 Ni. 11:14–17.

27a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—
Mwari Baba.

^b 3 Ni. 16:1–3.

28 Uye zvino tarisai, uyu ndiwo murairo wandinopa kwamuri, kuti musaregere munhu wamunoziva kuti haana “kukodzera kuti ^badye nyama yangu nokunwa ropa rangu, kana muchinge mave kuvapa;

29 Nokuti uyo anodya nokunwa nyama “neropa rangu ^basingakodzeri anodya nokunwa kuraswa kwemweya wake; naizvozvo kana muchiziva kuti munhu wacho haakodzeri kudya nokunwa nyama neropa rangu muchamurambidza.

30 Zvisinei hazvo, “hamuzo-mudzanga kubva pakati penyu, asi muchamuparidzira uye muchamunamatira kuna Baba, muzita rangu; zve kana akatendeuka akabhabhatidzwa muzita rangu, ndipo pamuchamugamuchira, mozoparidza kwaari nezveropa rangu nemuviri wangu.

31 Asi kana akasatendeuka haazoverengwa pavanhu vangu, kuti asazoparadza vanhu vangu, nokuti tarisai ndinoziva hwai “dzangu, zve dzakaverengwa.

32 Zvisinei hazvo, hamuzo-mudzanga mumasinagogo enyu, kana nzvimbo dzenyu dzokunamatira; nokuti kune akadaro mucharamba muchiparidza; nokuti hamuzivi kuti vachadzoka nokutendeuka riini, vachiyua

kwandiri nechido chemwoyo chose, “ndigovaporesa; zve muchazova nzira yokuunza ruponeso kwavari.

33 Naizvozvo, chengetai zvinhu izvi zvandakutumai kuti “musaraswe; nokuti ane nhamo uyo anoraswa naBaba.

34 Uye ndinokupai mirairo iyi nokuda kwokusawirirana kwakanga kuri pakati penyu. Nokuti makakomborerwa imi kana “pasina kusawirirana pakati penyu.

35 Uye zvino ndinoenda kuna Baba, nokuti zvinofanira kuti ndiende kuna Baba “nepamusana penyu.

36 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akapedza kutaura izvi, akabata “neruoko rwake ^bvadzidzi vakanga asarudza, mumwe nomumwe, kusvikira avabata vose, akataura kwavari zvaavabata.

37 Uye gungano harina kunzwa mazwi aakataura, naizvozvo havana kuzvinyora; asi vadzidzi vakanyora kuti akavapa “simba rokupa ^bMweya Mutsvene. Uye ndicharatidza kuti zvinyorwa izvi ndezvechokwadi.

38 Uye zvakaitika kuti shure kwekunge Jesu avabata vose, kwakauya “gore rikafukidza gungano zvekuti vakanga vasisakwanise kuona Jesu:

39 Uye apo vakanga vakafukidzwa kudaro akavasiya,

28a Morm. 9:29.

^b I VaKori. 11:27–30.

29a NKM Ropa; Sakaramende.

^b D&Z 46:4.

30a D&Z 46:3.

31a Joh. 10:14;

Aruma 5:38;

3 Ni. 15:24.

32a 3 Ni. 9:13–14;

D&Z 112:13.

33a NKM Kupomera.

34a 3 Ni. 11:28–30.

35a I Joh. 2:1;

2 Ni. 2:9;

Moro. 7:27–28;

D&Z 29:5.

36a NKM Maoko, Kugadzwa kwe.

^b 1 Ni. 12:7; 3 Ni. 19:4.

37a NKM Simba.

^b NKM Chipo

cheMweya Mutsvene.

38a Eks. 19:9, 16.

akakwira kudenga. Zve vadzidzi vakaona vakanyora pasi kuti akakwira zvakare kudenga.

CHITSAUKO 19

Vadzidzi vanegumi nevaviri vanoparidza kuvanhu nokunamatira Mweya Mutsvene—Vadzidzi vanobhabhatidzwa nokugamuchira Mweya Mutsvene nokushumira kwengirozi—Jesu anonamata nemazwi asingakwanise kunyorwa—Anopupura pamusoro pokutenda kukuru kwamaNifai. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino zvakaitika kuti apo Jesu akanga akwira kudenga, gungano rakaparara, murume wose akatora mukadzi nevana vake akadzokera kumba kwake.

2 Uye zvakataurwa kuvanhu vose panguva iyoyo, kusati kwavsviba, kuti gungano rakanga raona Jesu, uye kuti akanga aparidza kwavari, uye kuti aizozviratidza kugungano mangwana.

3 Hongu, zve kunyange usiku hwose kwakange kuchitaurwa pamusana paJesu; mukudaro vakatumira shoko kuvanhu vakawanda, hongu, vakawanda zvikuru, vakasevenza zvikuru usiku ihwohwo, kuti vazovepo mangwana panzvimbo iye Jesu akanga achazozviratidza kugungano.

4 Uye zvakaitika kuti ave mangwana, gungano rakaungana pamwechete, tarisai, Nifai nemunin'ina wake uyo waakanga

amutsa mukufa, ainzi Timotio, uye nemwanakomana wake, ainzi Jonasi, uye naMatoni, naMatoniha, mukoma wake, naKumeni, naKumenionihai, naJeremia, naShemunoni, naJonasi, naZedekia, nalsaya—zvino aya ndiwo mazita evadzidzi vakange vasarudzwa naJesu—uye zvakaitika kuti vakaenda vakamira pakati pegungano.

5 Uye tarisai, gungano rakanga rakakura zvikuru zvekuti vakaita kuti vaparadzane muzvikamu gumi nezviviri.

6 Uye vanegumi nevaviri vadzidzisa gungano; zve tarisai, vakaita kuti gungano ripfugame pamusoro penyika, vagonamata kuna Baba muzita raJesu.

7 Uye vadzidzi vakanamatawo kuna Baba muzita raJesu. Zve zvakaitika kuti vakasimuka vakaparidza kuvanhu.

8 Uye apo vakanga vaparidza mazwi mamwechetewo Jesu akanga ataura—pasina kusiyana nemazwi akataurwa naJesu—tarisai, vakapfugama zvakare vakanamata kuna Baba muzita raJesu.

9 Uye vakanamatira izvo vaidzisa zvikuru; uye vakanga vane chido chokuti “Mweya Mutsvene upiwe kwavari.

10 Uye apo vakange vanamata kudai vakaenda kwakatangira mvura, gungano rikavatevera.

11 Uye zvakaitika kuti Nifai akapinda “mumvura akabhabhatidzwa.

12 Uye akabuda mumvura akatangisa kubhabhatidza. Uye

akabhabhatidza avo vose vaka-
ngava vasarudzwa naJesu.

13 Uye zvakaitika kuti apo
vose vakange “vabhabhatidzwa
vabuda mumvura, Mweya
Mutsvene wakazuya pamusoro
pavo, vakazadzwa ^bneMweya
Mutsvene nemoto.

14 Zve tarisai, “vakakombere-
dzwa nezvairatidzika somoto;
zvakaiburuka kubva kudenga,
gungano rakazviona izvi, vaka-
pupura; ngirozi dzakaburuka ku-
bva kudenga dzikavaparidzira.

15 Uye zvakaitika kuti apo ngi-
rozi dzichingunoparidza ku-
vadzidzi, tarisai, Jesu akauya
akamira pakati pavo akaparidza
kwavari.

16 Uye zvakaitika kuti akata-
ura kugungano, akaraira kuti
vapfugame pasi zvakare, uye-
wo kuti vadzidzi vake vapfu-
gamewo.

17 Uye zvakaitika kuti apo va-
kanga vapfugama vose, akaraira
vadzidzi vake kuti vanamate.

18 Zve tarisai, vakatangisa ku-
namata; vakanamata kuna Jesu,
vachimudaidza kuti Ishe na-
Mwari wavo.

19 Uye zvakaitika kuti Jesu
akabva pakati pavo, akaenda
kachinhambwe kubva pavari
akapfugama pasi, akati:

20 Baba, ndinokutendai kuti
mapa Mweya Mutsvene kune
avo vandakasarudza; kutenda
kwavo mandiri kwaita kuti
ndivasarudze kubva munyika.

21 Baba, ndinokukumbirai kuti
mupe Mweya Mutsvene kune
avo vose vachatenda kumazwi
avo.

22 Baba, mavapa Mweya Mu-
tsvене nokuti vanotenda ma-
ndiri; munoona kuti vanotenda
mandiri nokuti munovanzwa,
uye vanonamata kwandiri; uye
vanonamata kwandiri nokuti
ndinavo.

23 Uye zvino Baba, ndinona-
mata kwamuri pamusana pavo,
neavo vose vachatenda kuma-
zwi avo, kuti vatende mandiri,
kuti ndive mavari “semi, Baba,
muri mandiri, kuti tive ^bmu-
mwechete.

24 Uye zvakaitika kuti apo Jesu
akanga anamata seizvi kuna
Baba, akauya kune vadzidzi
vake, zve tarisai, vakaramba va-
chienderera mberi, vasingamire,
“kunamata kwaari; uye havana
kuwanza mazwi, nokuti zva-
kanga zvakapiwa kwavari kuti
^bvanonamatei, zve vakazadzwa
nechido.

25 Uye zvakaitika kuti Jesu
akavaropafadza apo vainamata
kwaari; uso hwake hwakanye-
mwerera kwavari, uye chiedza
“cheuso hwake chakavheneka
pavari, zvakare tarisai vakave
^bvachena seuso nenguwo dza-
Jesu; zve tarisai kuchena kwaka-
pfuura kuchena kwose, hongu,
tarisai hakuna chimwe chinhu
chakachena kudarika kuchena
uku pano pasi.

13a NKM Bhabhatidza.
b 3 Ni. 12:2; Morm. 7:10.
NKM Chipo
cheMweya Mutsvene.

14a Hir. 5:23–24, 43–45;

3 Ni. 17:24.
23a 3 Ni. 9:15.
b Joh. 17:21–23.
NKM Kubatana.
24a Mat. 6:7.

b D&Z 46:30.
25a Num. 6:23–27.
b NKM Kushandurwa—
Vanhu
vakashandurwa.

26 Uye Jesu akati kwavari: Rambai muchinamata; zvaka-daro havana kumira kunamata.

27 Uye akabva kwavari zvaka-re, akaenda chinhambwe chiduku kubva pavari akapfugama pasi; akanamata zvakare kuna Baba, achiti:

28 Baba, ndinokutendai kuti “matsvenesa avo vandakasaru-dza, nenzira yokutenda kwavo, zve ndinovanamatira, neavo vachatenda mazwi avo, kuti vave vanocheneswa mandiri, kuburikidza nokutenda kumazwi avo, sezvo vakacheneswa mandiri.

29 Baba, handinamatire nyika, asi avo vamakandipa “kubva munyika, nokuda kwokutenda kwavo, kuti vacheneswe mandiri, kuti ndizova mavari semi, Baba, muri mandiri, kuti tive mumwe, kuti ndizobwinya mavari.

30 Uye apo Jesu akanga ataura mazwi aya akauya zvakare kuvadzidzi vake; zve tarisai vaminamata zvikuru, vasingamire, iye; akavanyemwerera zvakare; zve tarisai vakanga “vachena, kana saJesu.

31 Uye zvakaitika kuti akaenda kachinhambwe zvakare akanamata kuna Baba;

32 Uye rurimi harungataure mazwi aakanamata, kana “kunyorwa nomunhu mazwi aakanamata.

33 Uye gungano rakanzwa rikapupura; mwoyo yavo yakazarurwa vakanzwisisa mumwoyo yavo mazwi aakanamata.

34 Zvisinei, mazwi ake akanga ari makuru anoshamisa ayo aakanamata zvekuti haakwani-swe kunyorwa, kana “kutaurwa nomunhu.

35 Uye zvakaitika kuti Jesu paakamira kunamata akauya zvakare kune vadzidzi vake, akati kwavari: “Kutenda kukuru kwakadai handisati ndambo-kuona pakati pemaJuda ose: Naizvozvo handaivaratidza zvi-shamiso zvikuru zvakadai, nokuda ^bkwokusatenda kwavo.

36 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hakuna kunyange mumwe wavo akaona zvinhu zvikuru sezvamaona; kana kunzwa zvinhu zvikuru sezvamanzwa imi.

CHITSAUKO 20

Jesu anoita chishamiso pakuvapa chingwa newaini uye zvakare anopa sakaramende kuvanhu— Zvizvarwa zvaJakobo zvakasara zvichasvika pakuziva Ishe Mwari wavo vozogara mumaAmerica— Jesu muporofita saMosesi, zve ma-Nifai vana vavaporofita— Vamwe vevanhu vaIshe vachaungana ku-Jerusarema. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti akaraira gungano kuti rimire kunamata, uye nevadzidzi vake. Uye akavaraira kuti vasamire “kunamata mumwoyo yavo.

2 Uye akavaraira kuti vasimuke vamire namakumbo avo. Zve

28a Moro. 7:48;
D&Z 50:28–29;
88:74–75.
NKM Chakachena.
29a Joh. 17:6.

30a Mat. 17:2.
32a D&Z 76:116.
34a II VaKori. 12:4;
3 Ni. 17:17.
35a NKM Rutendo.

^b Mat. 13:58.
NKM Kusadaira.
20 1a 2 Ni. 32:9;
Mosaya 24:12.

vakasimuka vakamira nama-kumbo avo.

3 Uye zvakaitika kuti akamedura chingwa zvakare akachiro-pafadza, akapa kuvadzidzi kuti vadye.

4 Uye shure kwokunge vadya akavaraira kuti vamedure chingwa, vape kugungano.

5 Uye shure kwokunge vapa gungano akavapa zvakare waini kuti vanwe, akavaraira kuti vape kugungano.

6 Zvino, pakanga pasina “chingwa, kana waini, zvakanga zvaunzwa navadzidzi, kana negungano;

7 Asi zvechokwadi “akapa kwavari chingwa chokudya, uye newaini yokunwa.

8 Uye akati kwavari: Uyo “anodya chingwa ichi anodya muviri wangu pamweya wake; zve uyo anonwa waini iyi ari kunwa ropa rangu pamusoro pomweya wake; zve mweya wake hauzoiti nzara kana nyota, asi kuti uchazadzwa.

9 Zvino, gungano rose zvarakanga radya nokunwa, tarisai, vakazadzwa nomweya; vakachema nezwi rimwechete, vakapa mbiri kuna Jesu, uyo wavakaona nokunzwa.

10 Uye zvakaitika kuti apo vose vakanga vapa mbiri kuna Jesu, akati kwavari: Tarisai ndapedza murairo wandaka-

rairwa naBaba kuti ndiite kuvanhu, vanova vakasara vemba yaIsraeri.

11 Mucharangerira kuti ndakataura nemi, ndichiti kana “mazwi ^aalsaya ave kuzadzikiswa — tarisai akanyorwa, munawo pamberi penyu, naizvo-zvo anzverei —

12 Uye zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana achinge ava kuzadzikiswa ndipo pachave nekuzadzikiswa “kwechibvumirano icho Baba vakaita kuvanhu vavo, imba yaIsraeri.

13 Uye zvino “vakasara avo, ^bvachapararira kwose-kwose munyika, ^cvachaunganidzwa kubva kumabvazuva nokumadokero, nokuchamhembe nokumadzanyemba; zve vachazounzwa ^dmukuziva Ishe Mwari vavo, uyo akavanunura.

14 Uye Baba vakandiraira kuti ndinofanira kukupai “nyika ino, kuti ive nhaka yenyu.

15 Uye ndinoti kwamuri, kana maJentairi “vakasatendeuka shure kwamakomborero avachawana, shure kwokunge vaparadza vanhu vangu —

16 Ndipo imi, vakasara vemba yaJakobo, muchaenda mukati mavo; muchazova pakati pavo ivo vakawanda; muchazova pakati pavo seshumba iri pakati pemhuka dzesango, uye “seshu-

6a Mat. 14:19–21.

7a Joh. 6:9–14.

8a Joh. 6:50–58;

3 Ni. 18:7.

NKM Sakaramende.

11a 3 Ni. 16:17–20; 23:1–3.

b 2 Ni. 25:1–5;

Morm. 8:23.

12a 3 Ni. 15:7–8.

13a 3 Ni. 16:11–12; 21:2–7.

b NKM Israeri—

Kupararira kwa Israeri.

c NKM Israeri—

Kuunganidzwa kwa Israeri.

d 3 Ni. 16:4–5.

14a NKM Nyika yeChipikirwa.

15a 3 Ni. 16:10–14.

16a Morm. 5:24;

D&Z 19:27.

mba diki mukati mamatanga amakwai, iyo, kana ichinge iri mukati mawo ^binoatsikirira ichiabvanzura kuita zvidimbu-zvidimbu, hapana angaanunure.

17 Ruoko rwako rwuchasimudzwa pavavengi vako, uye mhandu dzako dzose dzicharaswa.

18 Uye “ndichaunganidza vanhu vangu pamwechete somunhu anounganidza uswa pauriri.

19 Nokuti ndichaita vanhu vangu avo Baba vakaita navo chibvumirano, hongu, ndichaita “nyanga yako ive simbi, ndigoyita matsimba ako ave ndarira. Uye uchazodimbura-dimbura vanhu vazhinji; zve ndichaisa zvinhu zvavo kuna Ishe, nezvavanazvo kuna Ishe venyika yose. Zve tarisai, ndini ndinozviita.

20 Uye zvichaitika, Baba vanodaro, kuti “munondo wokuranga kwangu uchaturikwa pamusoro pavo zuva iroro; uye kunze kwokunge vatendeuka uchadonhedzerwa pamusoro pavo, Baba vanodaro, hongu, kunyange pamusoro pamarudzi ose emaJentairi.

21 Uye zvichaitika kuti ndichamisa “vanhu vangu, imba yaIsraeri.

22 Uye tarisai, vanhu ava ndichavaisa munyika ino, mukuzadzikisa “chibvumirano cha-

ndakaita nababa venyu Jakobo; richazova Jerusarema ^bIdzva. Zve masimba ekudenga achazova pakati pavanhu ava; hongu, kunyange “ini ndinenge ndiri pakati penyu.

23 Tarisai, ndini uyo aitaurwa naMosesi, achiti: Ishe Mwari venyu achakumutsirai “muporofita werudzi rwenyu, akaita seni; mumuteerere muzvinhu zvose zvaachataura kwamuri. Ichasvika nguva apo mweya yose isinganzwe muporofita uyu ichabviswa pakati pavanhu.

24 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hongu, vaporofita “vose kubva panguva yaSamueri neavo vakazotevera, neavo vakawanda vakataura, vakapupura pamusana pangu.

25 Uye tarisai, muri vana vevaporofita; uye muri vemba yaIsraeri; muri “vechibvumirano chakaitwa naBaba namadzibaba enyu, vachiti kuna Abrahamu: Uye ^bmumbeu yako ndudzi dzose dzenyika dzichakomborerwa.

26 Baba vandimutsira kwamuri kutanga, vakandituma kuti ndikuropafadzei “mukubvisa mumwe nomumwe wenyu mukuipa kwake; izvi nokuda kwokuti muri vana vechibvumirano—

27 Uye mushure mekunge

16b Mika 5:8-9;
3 Ni. 16:14-15; 21:12.
18a Mika 4:12.
19a Mika 4:13.
20a 3 Ni. 29:4.
21a 3 Ni. 16:8-15.
22a Gen. 49:22-26;
D&Z 57:2-3.
b Isa. 2:2-5;

3 Ni. 21:23-24;
Eta 13:1-12;
D&Z 84:2-4.
NKM Jerusarema
Idzva.
c Isa. 59:20-21;
Mara. 3:1;
3 Ni. 24:1.
23a Deut. 18:15-19;

Mabasa 3:22-23;
1 Ni. 22:20-21.
24a Mabasa 3:24-26;
1 Ni. 10:5;
Jak. 7:11.
25a NKM Chibvumirano
chaAbrahamu.
b Gen. 12:1-3; 22:18.
26a Zir. 16:6.

maropafadzwa ndipo Baba vanozadzikisa chibvumirano icho vakaita naAbrahama, vachiti: “Mumbeu yako marudzi ose enyika acharopafadzwa—mukudurura Mweya Mutsvene nemandiri kumaJentairi, kuro-pafadzwa ^bkwamaJentairi uku kuchavaita kuti vave vanhu vane mukurumbira pamusoro pevamwe vose, vachiparadza vanhu vangu, imba yaIsraeri.

28 Uye vachazove ^aseshamhu kune vanhu venyika ino. Zvisinei, kana vachinge vagamuchira kuzara kwevhangeri rangu, kana zvino vakazomesa mwoyo yavo kwandiri ndichadzorera kuipa kwavo pamusoro pavo, Baba vanodaro.

29 Uye ^andicharangerira chibvumirano icho ndakaita nevanhu vangu; ndakabvumirana navo kuti ^bndichavaunganidza pamwechete munguva yangu, kuti ndichavapa zve ^cnyika yemadzibaba senhaka yavo, inova nyika ^dyeJerusarema, inova nyika yechipikirwa kwavari noku-singaperi, Baba vanodaro.

30 Uye zvichaitika kuti nguva ichasvika, apo kuzara kwevhangeri rangu kuchaparidzwa kwavari;

31 Uye ^avachatenda mandiri, kuti ndini Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, uye vachanamata kuna Baba muzita rangu.

32 Ndipo ^avachengeti vavo vachazosimudza mazwi avo, nezwi pamwechete vachaimba; nokuti vachawirirana.

33 Zvino Baba vachavaunganidza zvakare pamwechete, vovapa Jerusarema senyika yenhaka yavo.

34 Ndipo pavachapinda murufaro—^aVoimba pamwechete, imi nzvimbo dzisina maturo dzeJerusarema; nokuti Baba akanyaradza vanhu vake, akanunura Jerusarema.

35 Baba vaisa ruoko rwavo rwutsvene pachena mumaziso emarudzi ose; nemativi enyika dzose achaona ruponeso rwa-Baba; uye Baba neni tiri vamwechete.

36 Uye zvino zvakanyorwa zvichaitwa; ^aMukai, mukai zvakare, mupfeke simba renyu, Zioni; pfekai nguwo dzenyu dzakanaka, Jerusarema, guta dzvene, nokuti kubvira zvino hakuna kunyange mumwe zvake achauya kwauri asina kudzingiswa aine tsvina.

37 Zvizunze kubva muguruva; simuka, gara pasi, Jerusarema; zvisunungure patambo dziri muhuro mako, murandakadzi akasungwa weZioni.

38 Nokuti Ishe vanoti: Maka-zvitengesa pasina, zve muchazonunurwa pasina mari.

39 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, vanhu vangu

27a VaG. 3:8;
2 Ni. 29:14;
Abr. 2:9.

^b 3 Ni. 16:6–7.
28a 3 Ni. 16:8–9.

29a Isa. 44:21;
3 Ni. 16:11–12.

^b NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

^c Amosi 9:14–15.

^d NKM Jerusarema.

31a 3 Ni. 5:21–26; 21:26–29.
32a Isa. 52:8;

3 Ni. 16:18–20.
NKM Murindiri.

34a Isa. 52:9.

36a Isa. 52:1–3;

D&Z 113:7–10.

NKM Zioni.

vachaziva zita rangu; hongu, nezuva iroro vachaziva kuti ndini iye ari kutaura.

40 Uye ndipo ivo pavachati: Makumbo ake akanaka “sei pamakomo euyo anonunza zvinhu zvakanaka kwavari, ^banoshambadza runyararo; anonunza nhau dzakanaka kune vakana-ka, idzo dzinoshambadza ru-poneso; anoti kuZioni: Mwari venyu vanotonga!

41 Zve ndipo pachabuda kuchema; “Endai imi, endai imi, budai kubva umo, musabate ^bchisina kuchena; ibvai maari; ivai ^cmakachena imi makatakura midziyo yaIshe.

42 Nokuti “hamuende muchikurumidza kana kuenda muchitiza; nokuti Ishe achaenda pamberi penyu, uye Mwari va-Israeli achatsigira shure kwenyu.

43 Tarisai, muranda wangu achaita zvakangwara; achakwidziridzwa nokuva anoiswa pamusoro-soro.

44 Vazhinji vakashamiswa nemi—chiso chake chakangananisika kupfuura chaani zvake munhu, chimiro chake chakanga chakapfuura vanakomana vevanhu—

45 Saka “achamwaya marudzi akawanda; madzimambo achavhara miromo yavo kwaari, nokuti izvo zvisina kunge zvakataurwa kwavari vachazviona; zve izvo zvavasina kunge vakanzwa vachazvifunga.

46 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, zvechokwadi zvinhu zvose izvi zvichauya, sokurairwa kwazvakaitwa kwandiri naBaba. Ndipo chibvumirano icho Baba vakabvumirana nevanhu vavo chichazadzikiswa; ndipo “Jerusarema ichagarwa nevanhu vangu, zvakare ichazova nyika yenhaka yavo.

CHITSAUKO 21

Israeri ichaungana pamwechete panouya Bhuku raMormoni—MaJentairi vanenge vave vanhu vakasununguka muAmerica—Vachaponeswa kana vakatenda nokuteerera; kana, kuti vacharaswa vagoparadzwa—Israeri ichavaka Jerusarema Idzva, uye marudzi akarasika achadzoka. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndinokupai chiratidzo, kuti mugoziva “nguva yekuti zvinhu izvi zvave kuda kuitika—ndichaunganidza, kubva mukupararira kwavo kwenguva refu, vanhu vangu, imba ya-Israeli, ndichatangisa zvakare pakati pavo Zioni yangu;

2 Zve tarisai, ichi ndichochinhu chandichapa kwamuri sechiratidzo—nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri kana zvinhu izvi zvandinotaura kwamuri, nevandinotaura kwamuri shure

40a Isa. 52:7;
Nah. 1:15;
Mosaya 15:13–18;
D&Z 128:19.
b Marko 13:10;

1 Ni. 13:37.
41a Isa. 52:11–15.
b NKM Chakachena
neChisina Kuchena.
c D&Z 133:5.

42a 3 Ni. 21:29.
45a Isa. 52:15.
46a Eta 13:5, 11.
21 1a NKM Mazuva
Ekupedzisira.

kwenguva ino nezvangu, uye nesimba reMweya Mutsvene uyo uchapiwa kwamuri naBaba; zvichaitwa kuti zvizivikanwe kumaJentairi kuti vave vanoziwa nezvevanhu ava vanova vakasara vemba yaJakobo, uye nezveava vanhu vangu vava-chaparadza;

3 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana zvinhu “izvi zvaziviswa kwavari naBaba, zvogouya nekunaBaba, kubva kwavari zvichiuya kwamuri;

4 Nokuti injere dzaBaba kuti vave vanogara munyika ino, uye vagoitwa vanhu “vakasununguka nesimba raBaba, kuti zvinhu izvi zviuye kubva kwavari zvichienda kune vakasara vembeu yenyu, kuti ^bchibvumirano chaBaba chizadzikiswe icho chavakabvumirana nevanhu vavo, imba yaIsraeri;

5 Naizvozvo, apo mabasa aya nemabasa ayo achaitwa nemi achabva “kumaJentairi, zvichiuya ^bkumbeu yenyu ichaderera mukusatenda nokuda kwezvitadzo;

6 Nokuti ndizvo zvaidiwa naBaba kuti zviuye kubva “kumaJentairi, kuti ave anoratidza simba rake kumaJentairi, chikonzero chiri chekuti maJentairi, akasaomesa mwoyo yavo, kuti vatendeuke nokuuya kwandiri nokubhabhatidzwa muzita ra-

ngu nokuziva chokwadi chezvinhu zvedzidziso yangu, kuti ^bvagoverengwa pane vanhu vangu, imba yaIsraeri;

7 Uye apo zvinhu izvi zvoitika kuti “mbeu yenyu yavakutanga kuziva zvinhu izvi—chichava chiratidzo kwavari kuti vave vanoziwa kuti basa raBaba ratotanga mukuzadzikisa chibvumirano icho vakaita nevanhu avo vari veimba yaIsraeri.

8 Zve apo zuva iroro richasvika, zvichaitika kuti madzima-mbo achavhara miromo yawo; nokuti izvo zvavakanga vasina kuudzwa vachazviona; uye izvo zvavakanga vasina kunzwa vachazvifunga.

9 Nokuti nezvava iroro, noku-da kwangu Baba vachashanda basa, richazova basa guru “rino-shamisa pakati pavo; zve pachazova pakati pavo avo vacharamba kuzvitenda, kunyangwe zvazvo vazviudzwa nemunhu.

10 Asi tarisai, upenyu hwemuranda wangu huchange huri muruoko rwangu; naizvozvo havazomukuvadza, kunyangwe zvavo “vachazomukanganisa pavo. Asi ndichamuporesa, nokuti ndichavaratidza kuti njere ^bdzangu ihuru kupinda udzvo-tsvo hwaSatani.

11 Naizvozvo zvichaitika kuti uyo wose acharamba kutenda mazwi gano, ini Jesu Kristu, ayo

3a Eta 4:17;
Nh—JS 1:34–36.

4a 1 Ni. 13:17–19;
D&Z 101:77–80.

b Morm. 5:20.

NKM Chibvumirano
chaAbraham.

5a 3 Ni. 26:8.

b 2 Ni. 30:4–5;
Morm. 5:15;

D&Z 3:18–19.

6a 1 Ni. 10:14; Jak. 5:54;

3 Ni. 16:4–7.

b VaG. 3:7, 29;

3 Ni. 16:13;

Abr. 2:9–11.

7a 3 Ni. 5:21–26.

9a Isa. 29:13;

Mabasa 13:41;

1 Ni. 22:8.

NKM Kudzororwa
pakare kweVhangeri.

10a D&Z 135:1–3.

b D&Z 10:43.

Baba vachaita kuti “iye aende kumaJentairi, vogomupa simba rekuti aaunze kumaJentairi, (zvichaitwa sekutaurwa kwa-zvakaitwa naMosesi) vachazova^bvanobviswa pakati pevanhu vangu vanova vechibvumirano.

12 Uye vanhu vangu vanova vakasara vechizvarwa chaJakobo vachave pakati pemaJentairi, hongu, pakati pavo^ashumba iri pakati pemhuka dzesango, shumba diki iri mukati mamatanga ehwai, iyo, inoti ikapfuura nepakati padzo^binodzitsikirira nokudzibvarura-bvarura, hapana angadzinunure.

13 Ruoko rwavo rwuchasimudzirwa vavengi vavo, uye mhandu dzavo dzose dzicharaswa.

14 Hongu, nhamo kumaJentairi kunze kwokunge^avatendeuka, nokuti zvichaitika muzuva iroro, Baba vanodaro, ndichakutorerai mabhiza enyu, uye ndichaparadza ngoro dzenyu;

15 Uye ndicharasa maguta enyika yenyu, ndogoputsa misimboti yenyu yose;

16 Uye ndichabvisa uroyi munyika menyu, uye hamuchazovi nevaferi.

17 Mifananidzo yenyu^aye-kuveza ndichabvisa zvakare, nezvivezwa zvenyu zvimire ndichazvibvisa pakati penyu, uye hamuchazonamate zvinhu zvamunogadzira nemaoko enyu;

18 Uye ndichabvisa masango

enyu pakati penyu, ndiwo muparadziro wandichaita maguta enyu.

19 Uye zvichaitika kuti “nhema dzose, nekunyengedza, noku-chiva, nokurwisana, hupirisita husakarurama, noupombwe, zvichabviswa.

20 Nokuti zvichaitika kuti, Baba vanoti, muzuva iroro avo vose vanoramba kutendeuka vakauya kuMwanakomana wangu Wandinoda, ndichavabvisa mukati mevanhu vangu, imba yaIsraeri;

21 Uye ndichatsiva nehasha dzangu pavari, kana semaJentairi, zvavasati vambonzwa.

22 Asi kana vakatendeuka vakateerera mazwi angu, vakasao-mesa mwoyo yavo, “ndichamisa chechi yangu mukati mavo, vogopinda muchibvumirano^bvogoverengerwa mukati mevakasara vezvizvarwa zvaJakobo, vandakapa nyika ino senhaka yavo;

23 Uye vachabatsira vanhu vangu, chizvarwa chaJakobo, pamwe nevose veimba yaIsraeri vachauya, kuti vavake guta, iro rinozodaidzwa kuti Jerusarema “Idzva.

24 Uye vozobatsira vanhu vangu kuti vazounganidzwa pamwechete, avo vakapararira pasi rose, muJerusarema Idzva.

25 Zve ndipo pachazodzika^asimba rokudenga richiuya

11a 2 Ni. 3:6-15;
Morm. 8:16, 25.
b D&Z 1:14.

12a Mika 5:8-15;
3 Ni. 20:16.

b 3 Ni. 16:13-15.

14a 2 Ni. 10:18; 33:9.

17a Eks. 20:3-4;
Mosaya 13:12-13;
D&Z 1:16.

NKM Kunamata
Zvifananidzo.

19a 3 Ni. 30:2.

22a NKM Mukuwo.

b 2 Ni. 10:18-19;
3 Ni. 16:13.

23a 3 Ni. 20:22;
Eta 13:1-12.

NKM Jerusarema
Idzva.

25a 1 Ni. 13:37.

mukati mavo; ^biniwo ndinenge ndiri pakati pavo.

26 Uye zvino ndiro zuva richatanga basa raBaba, apo shoko rino richaparidzwa mukati mechizvarwa chavanhu vano. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, nezuva iroo basa raBaba ^arichatangwa mukati mevanhu vose vakapararira, hongu, kana marudzi aye ange ^bakarasika, ayo Baba vakatungamirira kubva muJerusarema.

27 Hongu, basa richatangisa pakati peavo vose ^avakapararira vevanhu vangu, naBaba kugadzira nzira yavanga uye nayo kwandiri, kuti vave vano-sheedzera kuna Baba muzita rangu.

28 Hongu, ndipo pachatangira basa racho, naBaba vari munyika dzose mukugadzira nzira yekuti vanhu vavo vave ^avanounganidzwa va uye kumusha kunyika yenhaka yavo.

29 Zve vachaenda vachibva mumarudzi ose; uye vachaenda ^avasingakurumidze, kana kutiza, nokuti ndichaenda mberi kwavo, Baba vanodaro, zve ndichatsigira shure kwavo.

CHITSAUKO 22

Mumazuva ekupedzisira, Zioni nematunhu ayo zvichamiswa, uye Israeri ichaunganidzwa netsitsi nerudo—Vachakunda—Enzanisa

naIsaya 54. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino izvo zvose zvakanyorwa zvichaitika: Imba, iwe ngomwa, iwe usina kubereka; pinda ^amukuimba, uchemese, iwe usina kumborwadziwa nenhumbu; nokuti vazhinji vana vemhandye kupfuura vemadzimai akaroorwa, vanodaro Ishe.

2 Kudza nzvimbo yetende yako, utambanudze machira epaunogara; usarega, asi urebese tambo dzako usimbise ^ambambo dzako;

3 Nokuti uchatyoka kuruoko rworudyi nokuruboshwe, uye vana vako vachatora ^amaJentairi vagoita kuti maguta akanga ava matongo agarwe nevanhu.

4 Usatya hako, nokuti hauchazonyari; kana kushaiswa chokuita; nokuti hauchazoiswa ^amukunyara; nokuti uchakangana kunyara kwokukura kwako, hauzorangariri kuzvidzwa kwokukura kwako; uye hauzofa wakarangarira kuzvidzwa kwohushirikadzi kwako.

5 Nokuti musiki wako, murume wako, Ishe veHondo ndiro zita rake; neMununuri wako, Mutsvene weIsraeri—Iye achanzi Mwari wenyika yose.

6 Nokuti Ishe akakudana somukadzi wakasiwa, akasuwa pamweya, somudzimai achiri muduku, pawakarambwa, vanodaro Mwari vako.

7 Ndakakusiya kwenguva

25b Isa. 2:2–4; 3 Ni. 24:1.

26a 1 Ni. 14:17;

3 Ni. 21:6–7.

^b NKM Israeri—
Marudzi gumi

akarasika aIsraeri.

27a 3 Ni. 16:4–5.

28a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

29a Isa. 52:12; 3 Ni. 20:42.

22 1a NKM Imba.

2a NKM Hoko.

3a NKM Majentairi.

4a 2 Ni. 6:7, 13.

duku, asi ndichakutora zve ne-tsitsi huru.

8 Muhasha shoma ndavanza chiso changu kwauri kwechinguvana, asi ndichakunzwira ^atsitsi dzisingaperi, vanodaro Ishe Mununuri vako.

9 Nokuti ^aidzi, ^bmvura dzaNoa kwandiri, nokuti sezvandakapika kuti mvura yaNoa haichazofukidzizve nyika, naizvozvo ndakapika kuti handichazokutsamwirai.

10 Nokuti ^amakomo achaenda nezvikomo zvichabviswa, asi nyasha dzangu ^bhadzingabvi pauri, kunyange chibvumirano cherunyararo rwangu hachibviswi, vanodaro Ishe vane tsitsi newe.

11 Haiwa iwe unotambudzika, unokandwa uku nekuku nedutu remhepo, usina kunyaradzwa! Tarisai, ndichaisa ^amabwe ako mavara akanaka, ndichateya nheyo dzako namabwe esafiri.

12 Uye ndichaita mafafitera ako namabwe anovaima, nama-suwo ako namabwe anopenya, nomiganhu yako yose namabwe akanaka.

13 Uye vana vako ^avose vachadzidziswa naIshe; rugare rwavana vako rwuchava rwukuru.

14 Uchasimbiswa ^amukururama; uchavakure nokudzvinyirirwa, nokuti hauzoty, uye kure nekutya nokuti hakuna chingasvika pedyo newe.

15 Tarisai, vachaungana zve-

chokwadi kuti vakurwise, zvisingabve kwandiri; ani nani anokuvamba achaparadzwa nokuda kwako.

16 Tarisai, ndini ndakasika mhizha inopfutidza moto wamazimbe, anouya nesimbi yebasa rake; ndakasika anorasa kuti aparadze.

17 Hakuna chombo chinoitirwa kuzokurwisa chingashande; uye rurimi rwose rwunotaura zvaikaipa nezvako mukutonga rwuchakundwa newe. Ndiyo nhaka yavaranda vaJehova, nokururama kwavo kunobva kwandiri, ndizvo vanodaro Ishe.

CHITSAUKO 23

Jesu anotsigira mazwi aIsaya—Anoraira vanhu kuti vanzvere maporofita—Mazwi aSamueri muRamani ari maererano noKumutswa kwavakafa anoiswa pazvinyorwa zvavo. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino, tarisai, ndinoti kwamuri, munofanira ^akunzvera zvinhu izvi. Hongu, murairo wandinokupai kuti munzvere zvinhu izvi nesimba; nokuti mashoko ^baIsaya makuru.

2 Nokuti zvechokwadi akataura achibata zvinhu izvi zvose maererano navanhu vangu avo vemba yaIsraeri; naizvozvo zvinofanira kuti ataure nokumajentairiwo.

8a NKM Anetsitsi.

9a Isa. 54:9.

b NKM Mafashamu muNguva dzaNoa.

10a Isa. 40:4.

b Mpi. 94:14;

D&Z 35:25.

11a Zvaka. 21:18–21.

13a Jer. 31:33–34.

14a NKM Akarurama.

23 1a NKM Magwaro matsvene.

b 2 Ni. 25:1–5;

Morm. 8:23.

NKM Isaya.

3 Uye zvinhu zvose zvaa-kataura zvakaitwa zve “zvi-chaitwa, kunyange semazwi aakataura.

4 Naizvozvo teerera kumazwi angu; nyorai zvinhu zvandakuudza; uye maererano nenguva nokuda kwaBaba zvichaenda kumaJentairi.

5 Uye uyo wose achagamuchira mazwi angu nokutendeuka akabhabhatidzwa, iyeye achaponeswa. Nzverai “vaporofita, nokuti vakawanda vanopupura pazvinhu izvi.

6 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya akati kwavari zvakare, shure kwokunge atsanangura magwaro ose ayo vakanga vagamuchira, akati kwavari: Tarisai, mamwe magwaro ndinoti imi munyore, amusina.

7 Uye zvakaitika kuti akati kuna Nifai: Unza kuno zvinyorwa izvo zvawakachengeta.

8 Uye apo Nifai akaunza zvinyorwa izvi, akazviisa pamberi pake, akaisa maziso ake pazviri akati:

9 Zvirokwazvo ndinoti kwauri, ndakaraira muranda wangu “Samueri, muRamani, kuti apupure kuvanhu ava, kuti pazuva iroto Baba vachaisa kubwinya kwezita ravo mandiri kuchave^b navatendi vakawanda avo^a vachamuka kubva muvakafa, vachaonekwa novakawanda, uye vachavaparidzira. Akati kwavari: Ko zvanga zvisina kudaro here?

10 Uye vadzidzi vake vakapindura vakati: Hongu, Ishe, Samueri akaporofita maererano namashoko enyu, uye ose akazadzikiswa.

11 Uye Jesu akati kwavari: Ko seiko musina kunyora zvinhu izvi, kuti vatendi vakawanda vakamutswa vakazviratidza kune vakawanda vakaparidza kwavari?

12 Uye zvakaitika kuti Nifai akayeuka kuti zvinhu izvi zvakanga zvisina kunyorwa.

13 Uye zvakaitika kuti Jesu akaraira kuti zvinyorwe; naizvozvo zvakanyorwa sokuraira kwaakanga aita.

14 Uye zvino zvakaitika kuti apo Jesu akanga “atsanangura magwaro aya kamwechete, avakanga vanyora, akavaraira kuti vadzidzise zvinhu izvo zvaa-kanga atsanangura kwavari.

CHITSAUKO 24

Mutumwa waIshe achagadzirira nzira yoKuuya Kwechipiri—Kristu achagara pakutonga—Israeri inorairwa kubvisa chegumi nemupiro—Bhuku rokurangarira rinochengetwa—Enzanisa naMaraki 3. Zvingangove makore 34 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti akavaraira kuti vanyore mazwi ayo Baba vakanga vava kuna Maraki, ayo aaizotaura kwavari. Uye zvakaitika kuti shure kwokunge anyorwa pasi akaatsanangura.

3a 3 Ni. 20:11–12.
5a Ruka 24:25–27.
9a Hir. 14:25.

b Hir. 13:2.
c NKM Mutendi.
d Mat. 27:52–53.

NKM Kumuka
Kuvakafa.
14a Ruka 24:44–46.

Zve aya ndiwo mazwi aakataura kwavari, achiti: Ndizvo zvinotaura Baba kuna Maraki—Tarisai, ndichatuma “nhumwa yangu, iye achagadzira nzira pamberi pangu; uye Ishe vamunotsvaka vachaerekana asvika patemberi yake, kana mutumwa wechibvumirano, wamunoda; tarisai, achauya, vanodaro Ishe veHondo.

2 Asi ndiani “angamirire pazuva rokuuya kwake, uye ndiani angamira kana aonekwa? Nokuti wakafanana nomoto ^bwemunatsi, nesipo yemusuki.

3 Uye achagara somusuki nomuchenesi wesirivha; uchachenesa “vanakomana vaRevi, nokuvachenesa sesirivha negoridhe; kuti ^bvagopira kuna Ishe nokururama.

4 Zvino mupiro waJuda neJerusarema uchafadza Ishe, somumazuva akare, somumakore okutanganga-tanga.

5 Uye ndichaswedera kwamuri kuti nditonge; ndichava mupupuri anokurumidza pamusoro n’anga, napamusoro pemhombwe, napamusoro pavanopika nhema, napamusoro pavanodzvinzirira mushandi pamubairo wake, chirikadzi “nevasina baba, navanodzinga vatorwa, vasingandityi, vanodaro Ishe veHondo.

6 Nokuti ndini Ishe, zve handishanduki; naizvozvo imi

vanakomana vaJakobo hamuna kuparadzwa.

7 Kana kubva pamazuva emadzibaba enyu “makatsauka pazvisungo, uye hamuna kuzvichengeta. ^bDzokerai kwandiri neni ndichadzokera kwamuri, vanodaro Ishe veHondo. Asi munoti: Tichadzokera kupi?

8 Ko munhu angapambe Mwari here? Asi imi makandipamba. Asi munoti: Takakupambai pazvinhu zvipi? Pane “chegumi ^bnemipiro.

9 Makatukwa nokutuka, nokuti munondipamba, rudzi rwenyu rwose.

10 Uyai “nechegumi chose kudura, kuti mumba mangu muve nezvekudya, mundiedze naizvozvo, ndizvo zvinotaura Ishe weHondo, muone kana ndisingakuzarurirei mafafitera okudenga, ndikudururirei ^bmakomborero amuchashaya pokuaisa.

11 Uye ndichatukawo mudyi nokuda kwenyu, arege kuparadza michero yeminda yenyu; nemidzamviringa yenyu haingazozunzi zvibereko zvayo muminda nguva isati yasvika, vanodaro Ishe veHondo.

12 Uye marudzi ose achati muri vanhu vakaropafadzwa, nokuti muchava nyika inofadza, vanodaro Ishe veHondo.

13 Mashoko enyu anga ari makobvu kwandiri, vanodaro

24 1a D&Z 45:9.

2a 3 Ni. 25:1.

b Zek. 13:9;

D&Z 128:24.

NKM Pasi—Kusukwa

kwepasi pano;

Kuuya Kwechipiri

kwaJesu Kristu.

3a Deut. 10:8;

D&Z 84:31–34.

b D&Z 13:1.

5a Jkb. 1:27.

7a NKM Kurasika

Pachitendero.

b Hir. 13:11;

3 Ni. 10:6;

Moro. 9:22.

8a NKM Chegumi.

b NKM Mupiro.

10a D&Z 64:23; 119:1–7.

b NKM Kuropafadzwa.

Ishe. Asi munoti: Takataura zvipi kwamuri?

14 Imi makati: Hazvina maturo kushandira Mwari, takawaneiko zvatakachengeta mirairo yake nezvatakafamba tichiche ma pamberi paIshe veHondo?

15 Uye zvino tinoti anozvikudza ndivo vakafara, hongu, avo vanoita zvakaipa ndivo vagere; hongu, avo vanoedza Mwari ndivo vanosunungurwa.

16 Zvino avo vaitya Ishe “vaitaurirana nguva zhinji, uye Ishe vakateerera, vakanzwa; ^bbhuku rokurangarira rikanyorwa pamberi pake, richinyorerwa vanotyia Ishe, nevanofunga zita ravo.

17 Uye vachava vangu, vanodaro Ishe veHondo, muzuvairo “randichaunganidza zvisihongo zvinokosha zvangu; ndichavanzwira tsitsi, somunhu anonzwira tsitsi mwanakomana wake anomubatsira.

18 Zvino ndipo pamuchadzokera “nokunozivisa pakati kwowakarurama nowakaipa, kwounoshumira Mwari nousingamushumiri.

CHITSAUKO 25

PaKuuya Kwechipiri, vano-zvikudza nevakaipa vachapiswa sama-

shanga—Erija achadzoka zuva guru iri rinotyisa risati rasvika—Enzanisa naMaraki 4.

NOKUTI tarisai, zuva rinouya “richapisa semuchoto; uye vose ^bvanozviku-dza, hongu, navose vanoita zvakaipa, vachava samashanga; zve zuva rinouya richavapisa kupera, ndizvo zvinotaura Ishe weHondo, harizovasiira mudzi kana bazi.

2 Asi kunemi munotyia zita rangu, “Mwanakomana Wokururama achamuka aine simba rokurapa mumapapiro ake; zve muchaenda ^bmugokura ‘semhuru dziri mudanga.

3 Uye “muchatsikirira vakaipa pasi; nokuti vachava madota pasi petsoka dzenyu muzuva randichaita izvi, vanodaro Ishe veHondo.

4 Rangarirai mutemo waMose-si, muranda wangu, wandakamuraira “paHorebi kuvaIsraeri vose, nemirau yekutonga.

5 Tarisai, ndichakutumirai muporofita “Erija ^bzuva guru rinotyisa raIshe risati rasvika;

6 Uye iye ^auchadzorerera mwoyo yamadzibaba kuvana, nemwoyo yevana kumadzibaba avo, kuti ndirege kuuya ndichirova nyika nomurango wakaipa.

16a Moro. 6:5.

b D&Z 85:9; Mos. 6:5.

NKM Bhuku Rendangiro.

17a D&Z 101:3.

18a NKM Kuziva kuburikioza neMweya, Chipu che.

25 1a Isa. 24:6;

1 Ni. 22:15;

3 Ni. 24:2;

D&Z 29:9; 64:23–24;

133:64;

Nh—JS 1:37.

NKM Pasi—Kusukwa kwepasi pano.

b 2 Ni. 20:33.

NKM Kudada.

2a Eta 9:22.

b D&Z 45:58.

c Amosi 6:4;

1 Ni. 22:24.

3a 3 Ni. 21:12.

4a Eks. 3:1–6.

5a II Madz. 2:1–2;

D&Z 2:1; 110:13–16; 128:17–18.

NKM Erija; Ruponeso rweVakafa; Kusunga.

b NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu Kristu.

6a D&Z 2:2.

CHITSAUKO 26

*Jesu anotsanangura zvinhu zvose kubva kumavambo kusvika kumagumo—Vacheche navaduku vanotaura zvinhu zvinoshamisa izvo zvisinganyoreke—Avo vari muChechi yaKristu zvinhu zvose zvavainazvo ndezvavo vose. Zvingangove makore 34 shure kweku-
nge Kristu azvarwa.*

UYE zvakaitika kuti apo Jesu ataura zvinhu izvi akazvitsanangura kugungano; akavatsanangurira zvinhu zvose, zvikuru nezviduku.

2 Uye akati: Magwaro “aya, amanga musina, Baba vakandiraira kuti ndikupei; nokuti hwanga huri uchenjeri mavari kuti azopiwa kuzvizvarwa zvaitevera.

3 Uye akavatsanangurira zvinhu zvose, kunyange kubva pakutanga kusvikira panguva yaachauya “nokubwinya kwake—hongu, kunyange zvinhu zvose zvichauya pamusoro penyika, kunyange kusvika ^bzvinhu zvichanyungudutswa nokupisa kukuru, nyika ‘icha-petwa serukukwe, uye denga nenyika zvichapfuura.

4 Uye kunyange pazuva “guru rokupedzisira, apo vanhu vose,

marudzi ose, nenyika dzose nendimi ^bdzichamira pamberi paMwari, kuti vatongwe namabasa avo, kana dai akanaka kana akaipa—

5 Kana vakanaka, “vanomutswa kuvakafa muupenyu husingaperi; kana vakaipa, vanomutswa kuvakafa muupenyu hwedambudziko; somunhu ari panzira dzakaererana, mumwe kune rumwe ruoko mumwewo kune rumwe ruoko, maererano netsitsi, ^bnokururama, noutsvene huri munaKristu, akanga aripo nyika ‘isati yatangisa.

6 Uye zvino hazvinganyorwe mubhuku rino kunyange chikamu chimwechete “chezana pazvinhu zvakadzidziswa zvechokwadi naJesu kuvanhu.

7 Asi tarisai “mahwendefa aNifai ane zvinhu zvakawanda zvaakadzidzisa vanhu.

8 Uye zvinhu izvi zvandakanyora, zvinova zvishoma pane zvaakadzidzisa vanhu; ndakava ndinozvinyora nokuda kuti zvizounzwa zvakare kuvanhu, “kubva kumaJentairi, maerera-no nemazwi akataurwa naJesu.

9 Uye kana vachinge vagamuchira izvi, zvinova zvavanofanira kuwana pakutanga, kuyedza kutenda kwavo, kana vachinge zvakadaro vakatenda

26 2a NEMAMWE MAZWI
Mara. zvitsauko 3 ne 4,
zvakatapwa muna
3 Ni. zvitsauko 24
ne 25.

3a NKM Jesu Kristu—
Kubwinya kwaJesu
Kristu.

b Amosi 9:13;
II Pet. 3:10, 12;

Morm. 9:2.
NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano;
Nyika—Kuguma
kwenyika.

c Morm. 5:23.
4a Hir. 12:25; 3 Ni. 28:31.

b Mosaya 16:10-11.
NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

5a Dan. 12:2; Joh. 5:29.
b NKM Yenzaniso.

c Eta 3:14.
NKM Jesu Kristu—
Kurama kwaKristu
Asati Azvarwa
paNyama.

6a Joh. 21:25; 3 Ni. 5:8.
7a NKM Mahwendefa.
8a 3 Ni. 21:5-6.

zvinhu izvi zvino zvinhu “zviku-
kuru zvichaitwa kuti zvive
zvinoratidzwa kwavari.

10 Uye kana zvakadaro vaka-
satenda zvinhu izvi, zvino zvi-
nhu zviku- “hazvioratidzwa
kwavari, ivo vachibva varaswa.

11 Tarisai, ndanga ndava
kuda kuzvinyora, zvose zvanga
zvakanorwa pamahwendefa
aNifai, asi Ishe vakandirambi-
dza, vachiti: “Ndichayedza ku-
tenda kwevanhu vangu.

12 Naizvozvo ini Mormoni,
ndinonyora zvinhu zvandaka-
rairwa naIshe. Uye zvino ini
Mormoni, ndinogumisa kutaura
kwangu, ndoenderera mberi no-
kunyora zvinhu zvandakarairwa.

13 Naizvozvo, ndinoda kuti
muone kuti zvechokwadi Ishe
vakadzidzisa vanhu, kwenguva
yakaita samazuva matatu; shure
kwaizvozvo “akazviratidza kwa-
vari nguva nenguva, achime-
dura ^bchingwa nguva nenguva,
achichirofapadza, achivapa.

14 Uye zvakaitika kuti aka-
dzidzisa akaparidza “kuvana
vegungano iro rataurwa nezva-
ro, ^bakasunungura rurimi rwa-
vo, vakataura kumadzibaba avo
zvinhu zviku- zvinoshamisa,
zvinhu zviku- kupfuura zva-
akange azarurira vanhu; uye
akasunungura rurimi rwavo
kuti vataure.

15 Uye zvakaitika kuti shure
kwokunge akwira kudenga—

nguva yechipiri apo akanga
azviratidza kwavari, aenda kuna
Baba, shure kwokunge “aporesa
varwere vavo vose, vaikamhina,
akazarura maziso emapofu avo,
akabvisa kusanzwa pamatsi, uye
akaita kuporesa kwose kunoitwa
pakati pavo, akamutsa munhu
muvakafa, akaratidza simba rake
kwavari, akakwira kuna Baba—

16 Tarisai, zvakaitika kuti re-
mangwana gungano rakaunga-
na pamwechete, vose vakaona
nokunzwa vana ava; hongu,
kunyange “vacheche vakazarura
miromo yavo vakataura zvinhu
zvinoshamisa; uye zvinhu zva-
vakataura zvakarambidzwa kuti
pasazove nomunhu kana mu-
mwechete zvake angazvinyore.

17 Uye zvakaitika kuti “vadzi-
dzi avo Jesu akanga asarudza
kubva panguva iyoyo vakata-
ngisa ^bkubhabhatidza noku-
dzidzisa vakawanda vakauya
kwavari; avo vakawanda vaka-
bhabhatidzwa muzita raJesu
vose vakazadzwa noMweya
Mutsvene.

18 Uye vazhinji vavo vakaona
nokunzwa zvinhu zvisingata-
uriki, “zvisingakodzeri kuti
zvinyorwe.

19 Uye vakadzidzisa, noku-
paridzirana; vakave nezvinhu
“zvose ^bzvakananana pakati
pavo, wose munhu achiita zva-
karurama, umwe kune mumwe.

20 Uye zvakaitika kuti vakaita

9a Eta 4:4–10.

10a Aruma 12:9–11.

11a Eta 12:6.

13a Joh. 21:14.

^b 3 Ni. 20:3–9.

NKM Sakaramende.

14a 3 Ni. 17:11–12.

^b Aruma 32:23;

3 Ni. 26:16.

15a 3 Ni. 17:9.

NKM Kurapa;

Chishamiso.

16a Mat. 11:25.

17a 3 Ni. 19:4–13.

^b 4 Ni. 1:1.

18a 3 Ni. 26:11.

19a 4 Ni. 1:3.

^b NKM Gadza, Mutemo
weruGadzo.

zvinhu zvose sekurairwa kwa-
vakange waitwa naJesu.

21 Uye avo vakanga vabha-
bhatidzwa muzita raJesu vaka-
daidzwa kuti “chechi yaKristu.

CHITSAUKO 27

*Jesu anovaraira kuti vadaidze
Chechi muzita rake—Basa rake
nomupiro wake wokudzikinura
ndiro shoko rake—Vanhu vano-
rairwa kuti vatendeuke nokubha-
bhatidzwa kuti vagotsveneswa ne-
Mweya Mutsvene—Vakafanira
kuva saJesu. Zvingangove makore
34 kusvika ku35 shure kwekunge
Kristu azvarwa.*

UYE zvakaitika kuti vadzidzi va-
Jesu zvavaifamba vachiparidza
zvinhu zvavakanzwa nokuo-
na, vachibhabhatidza muzita
raJesu, zvakaitika kuti vadzidzi
vakaungana pamwechete “vaka-
batana mumunamato mukuru
^bnokutsanya.

2 Uye Jesu “akazviratidza zva-
kare kwavari, nokuti vainamata
kuna Baba muzita rake; Jesu
akauya akamira pakati pavo,
akati kwavari; Ko imi munoda
kuti ndikupei chii?

3 Uye ivo vakati kwaari: Ishe,
tinoda kuti mutitaurire zita ra-
tingadaidze nayo chechi ino;
nokuti pane kupesana muva-
nhu pamusana penyaya iyoyi.

4 Uye Ishe akati kwavari: Zvi-
rokwazvo, zvirokwazvo, ndi-

noti kwamuri, sei vanhu vachi-
tsutsumwa nokuitirana nharo
pamusoro pechinhu ichi?

5 Ko havana here kuverenga
magwaro, anoti munofanira
kutakura “zita raKristu, rinova
zita rangu? Nokuti nezita irori
muchadaidzwa nezuva roku-
pedzisira;

6 Uye uyo wose achatora zita
rangu paari, “agoshinga kusvika
kumagumo, iyeye achaponeswa
musi wokugumisira.

7 Naizvozvo, zvose zvamucha-
ita, muchazviita muzita rangu;
naizvozvo muchadaidza chechi
muzita rangu; uye muchadaidza
Baba muzita rangu kuti varopa-
fadze chechi pamusana pangu.

8 Uye ko ingave “chechi ^byangu
sei kunze kwokuti ridaidzwe
nezita rangu? Nokuti chechi ika-
daidzwa nezita raMosesi ichechi
yaMosesi; kana kuti ikadaidzwa
nezita romunhu ichechi yomu-
nhu; asi ikadaidzwa nezita rangu
ichechi yangu, kana yakava-
kwa pamusoro peshoko rangu.

9 Zvirokwazvo ndinoti kwa-
muri, makavakwa pamusoro
pevhangeri rangu; naizvozvo
muchadaidza zvamunenge mu-
chidaidza, muzita rangu; nai-
zvozvo mukadaidza kuna Baba,
chechi iyi, kana iri muzita rangu
Baba vachakunzwai;

10 Zve kana zvirizvo kuti
chechi yakavakwa pamusoro
pevhangeri rangu Baba vacha-
ratidza mabasa avo mariri.

21a Mosaya 18:17.
NKM Chechi yaJesu
Kristu.

27 1a D&Z 29:6.
^b Aruma 6:6.
NKM Kutsanya.

2a 3 Ni. 26:13.
NKM Jesu Kristu—
Kuwonekwa
kwaKristu mushure
mekufa.

5a NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

6a 3 Ni. 15:9.

8a NKM Jesu Kristu—
Mukuru weChechi.

^b D&Z 115:4.

11 Asi kana isina kuvakwa pamusoro pevhangeri rangu, yakavakwa pamusoro pama-basa avanhu, kana kuti pamu-soro pemabasa adhiabhorosi, zvirokwazvo ndinoti kwamuri vane rufaro mumabasa avo kwenguvana, uye mukufamba kwenguva vanosvika kumagu-mo, “vanozotemwa vokandwa mumoto, mavasingakwanisi ku-buda.

12 Nokuti mabasa avo “anova-tervera, nokuti mabasa avo anoita kuti vatemwe; naizvozvo yeukai zvinhu zvandakutaurirai.

13 Tarisai ndakakupai “vha-ngeru rangu, zve iri ndiro shoko randakupai—kuti ndakauya panyika kuzoita ^bkuda kwaBaba vangu, nokuti Baba vangu va-kandituma.

14 Uye Baba vangu vakandi-tuma kuti “ndizoturikwa pamu-chinjikwa; kuti shure kwokunge ndaturikwa pamuchinjikwa, ^bndo-zounza vanhu vose kwa-ndiri, kuti sezvo ndakasimu-dzwa nomunhu kana munhu agosimudzwa naBaba, kuti ami-re pamberi pangu, kuti ‘vazo-tongwa namabasa avo; kuti anga akanaka here kana kuti anga akaipa—

15 Uye nokuda kwaizvozvo “ndakasimudzwa; naizvozvo, maererano nesimba raBaba

ndichakwevera vanhu vose kwandiri, kuti vazotongwa maererano nemabasa avo.

16 Uye zvichaitika, kuti avo vanenge “vatendeuka uye ^bobhabhatidzwa muzita rangu achazadzwa; uye kana ‘akashi-ngirira kusvika kumagumo, tarisai, ndichamuita munhu asina mhosva pamberi paBaba vangu pazuva randichamira ndichitonga nyika.

17 Uye uyo asingashingirire kusvika kumagumo, iyeye acha-temwa ogokandwa mumoto, umo maasingazodzoki zvakare, nokuda “kwokutonga kwaBaba.

18 Uye iri ndiro shoko ravaka-pa kuvana vevanhu. Uye noku-da kwaizvozvo vanozadzikisa mazwi ayo vakapa, uye havata-ure nhema, asi vanozadzikisa mazwi avo.

19 Uye “hakuna chinhu chine tsvina chingapinde muumambo hwake; naizvozvo hakuna chi-nopinda ^bmukuzorora kwake kunze kweavo ‘vashambidza nguwo dzavo neropa rangu, nokuda kwokutenda kwavo, nokutendeuka kubva pazvivi zvavo zvose, nokutendeseka kwavo kusvika kumagumo.

20 Zvino uyu ndiwo murairo: “Tendeukai, imi mativi ose enyika, muuye kwandiri ^bmu-gobhabhatidzwa muzita rangu,

11a Aruma 5:52.

12a Zvaka. 14:13;
D&Z 59:2.

13a D&Z 76:40–42.
NKM Vhangeri.
b Joh. 6:38–39.

14a 1 Ni. 11:32–33;
Mos. 7:55.

b Joh. 6:44; 2 Ni. 9:5;

D&Z 27:18.

c NKM Jesu Kristu—
Mutongi.

15a NKM Dzikinura.

16a NKM Rutendeuko.

b NKM Bhabhatidza.

c 1 Ni. 13:37.

NKM Tsungirira.

17a NKM Yenzaniso.

19a Aruma 11:37.

b D&Z 84:24.

NKM Zororo.

c Zvaka. 1:5; 7:14;
Aruma 5:21, 27;
13:11–13.

20a Eta 4:18.

b NKM Bhabhatidza—
Zvinofanira.

kuti mugoitwa kuti ‘mutsvene-swe nokutambira Mweya Mutsvene, kuti mugomira ^amusina kavara pamberi pangu nezuva rokupedzisira.

21 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, iri ndiro vhangeri rangu; uye munoziva zvinhu zvamunofanira kuita muchechi yangu; nokuti mabasa amakandiona ndichiita nemiwo munofanira kuaita; nokuti zvose zvakandiona ndichiiita nemiwo munofanira kuita:

22 Naizvozvo, mukaita zvinhu izvi makakomborerwa imi, nokuti muchasimudzwa pazuva rokupedzisira.

23 Nyorai zvinhu zvamaona nezvamanzwa, kunze kweizvo ^azvinorambidzwa.

24 Nyorai mabasa evanhu ava, ayo achava, kunyange ayo akanyorwa, pane zvakanga zviripo.

25 Nokuti tarisai, kubva pambhuku akanyorwa, neachanyorwa, vanhu ava ^avachatongwa, nokuti naiwaya mabhuku ^bmabasa avo achazivikanwa navanhu.

26 Uye tarisai, zvinhu zvose ^azvakanorwa naBaba; naizvozvo kubva kumabhuku achanyorwa nyika ichatongwa.

27 Uye zivai kuti ^amuchazova vatongi vevanhu ava, maerera-no nokutonga kwandichakupai, kunenge kwakarurama. Nai-

zvozvo, makafanira kuve vanhu ^bvakaita seiko? Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, ^csezvanda-kaita ini.

28 Uye zvino ^andinoenda kunaBaba. Zve zvirokwasvo ndinoti kwamuri, chiri chose chinhu chamuchakumbira Baba muzita rangu vachakupai.

29 Naizvozvo ^akumbirai, muchagamuchira; gogodzai, muchazarurirwa; nokuti uyo anokumbira, achagamuchira; nouyo anogogodza, achazarurirwa.

30 Uye zvino, tarisai, rufaro rwangu rwukuru, zvekuzara, nokuda kwenyu, nechizvarwa chino; hongu, kunyange Baba vanofara, uye nengirozi dzose tsvene, nokuda kwenyu nechizvarwa chino; nokuti ^ahakuna akarasika.

31 Tarisai, ndinoda kuti munzwise; nokuti ndinoreva avo vapenyu ^azvino pachizvarwa ^bchino; hakuna mumwe wavo akarasika; mavari ndine ^crufaro ruzere.

32 Asi tarisai, zvinondisuwisa ini nokuti chizvarwa ^achekina kubva pane chino, nokuti vanotungamirwa muusungwa naye kana sezvakanga zvakaitwa mwanakomana wekuraswa; nokuti vachanditengesa nesirivha negoridhe, neicho ^bzvifukuto zvinopfukuta icho mbavha dzinopaza nokuba. Uye pazuva

20c NKM Kutsveneswa.
d D&Z 4:2.

23a 3 Ni. 26:16.

25a 2 Ni. 33:10–15;
Mazwi 1:11.

b 1 Ni. 15:32–33.

26a 3 Ni. 24:16.

NKM Bhuku reUpenyu.

27a 1 Ni. 12:9–10;

Morm. 3:19.

b NKM Jesu Kristu—

Muyenzaniso
waJesu Kristu.

c Mat. 5:48; 3 Ni. 12:48.

28a Joh. 20:17.

29a Mat. 7:7; 3 Ni. 14:7.

30a Joh. 17:12.

31a 3 Ni. 9:11–13; 10:12.

b 3 Ni. 28:23.

c NKM Rufaro.

32a 2 Ni. 26:9–10;

Aruma 45:10, 12.

b Mat. 6:19–21;

3 Ni. 13:19–21.

iroro ndichavashanyira, uye kunyange kuisa mabasa avo pamusoro pavo.

33 Uye zvakaitika kuti apo Jesu akanga apedza kutaura kwake akati kuvadzidzi vake: Pindai nepasuwo “rakamanikana; nokuti suwo rakamanikana, uye nzira yakamanika inoenda kupenyu, zve vashoma vachaiwana; asi suwo rakapamhama, nenzira yakapamhama inoenda kurufu, uye vakawanda vachafamba nayo, kusvika usiku hwauya, uhwo husina munhu angashande mahwuri.

CHITSAUKO 28

Vapfumbamwe vevaneGumi neVaiviri vanokumbira uye vano-vimbiswa nhaka muumambo hwaKristu kana vachinge vafa—MaNifai Vatatu vane chido vano-piwa simba pamusoro porufu kuti varambe vari panyika kusvikira Jesu auya zvakare—Vanoshandurwa nokuona zvinhu zvisingatenderwi kutaurwa, zvino vari kushumira pakati pavanhu. Zvingangove makore 34 kusvika ku35 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti apo Jesu akanga ataura mazwi aya, akataura kuvadzidzi vake, mumwe nomumwe, achiti kwavari: Chiiko chamunoda kwandiri, shure kwokunge ndaenda kuna Baba?

2 Uye vose vakataura, kunze kwavatatu, vachiti: Tine chido chokuti kana tasvika pakukura kwomunhu, kuti hupirisita hwedu, uwo wamakatidaidzira, ugume, kuti tiuye nokukurumidza muumambo hwenyu.

3 Uye akati kwavari: Makakomborerwa imi nokuti munoda zvinhu izvi kubva kwandiri; naizvozvo, kana mave nemakore makumi manomwe nemaviri muchauya kwandiri munyika youmambo hwangu; uye neni muchawana “zororo.

4 Uye apo akange ataura kwavari, akatendeukira kuvatatu vaye, akati kwavari: Munoda kuti ndikuitirei, kana ndichinge ndaenda kuna Baba?

5 Uye vakarwadziwa mumwoyo yavo, nokuti vakatya kutaura kwaari chinhu chavaida.

6 Uye akati kwavari: Tarisai, “ndinoziva zvamunofunga, munoda chinhu icho ^bJohane, wandinoda, uyo akanga aneni muufundisi hwangu, ndisati ndaroverwa namaJuda, aida kwandiri.

7 Nokudaro, makakomborerwa zvakanyanya, nokuti ^ahamuchazoziva ^brufu; asi muchararama mogoona mabasa aBaba kuvana vevanhu, kusvikira zvinhu zvose zvazadzikiswa maererano nokuda kwaBaba, pandichauya muumambo hwangu ^cnemasimba okudenga.

8 Uye hamuchazombozivi

33a Mat. 7:13–14;
3 Ni. 14:13–14;
D&Z 22:1–4.

28 3a NKM Zororo.
6a Amosi 4:13;

Aruma 18:32.
^b Joh. 21:21–23;
D&Z 7:1–4.
7a 4 Ni. 1:14;
Morm. 8:10–11;

Eta 12:17.
^b NKM Vanhu
Vakapindurwa.
^c 3 Ni. 20:22.

kurwadza kworufu; asi pandichauya muumambo hwangu muchashandurwa nekubwaira kweziso kubva mukuve vanhu ^avanofa kuenda mukuve vanhu ^bvasingafe; ndipo pamuchakomborerwa muumambo hwaBaba vangu.

9 Uye zvakare, hamuzonzwi kurwadziwa apo munenge muchirarama munyama, kana kusuwa kunze kwokunge kuri kusuwira zvivi zvenyika; izvi zvose ndichazviita nokuda kwechinhu chamada kwandiri; nokuti mada kuti ^amuunze mweya yevanhu kwandiri, nyika ichararama.

10 Uye nokuda kwechikonzero ichi muchava nomufaro ^auzere; muchagara pasi munyika youmambo hwaBaba vangu; hongu, rufaro rwenyu rwuchave ruzere, sekupiwa kwandakaitwa ini rufaro ruzere naBaba; muchave seni, ini ndakaita saBaba; uye Baba Neni tiri ^bvamwechete;

11 Uye ^aMweya Mutsvene unopupura pamusana paBaba neni; Baba vanopa Mweya Mutsvene kuvana vevanhu, nokuda kwangu.

12 Uye zvakaitika kuti Jesu ataura mazwi aya, akabata mu-mwe nomumwe wavo nemunwe wake kunze kweavo vatatu vazizorarama, ndokubva aenda.

13 Uye tarisai, matenga akarurwa, ^avakapinda kudenga,

vakaona nokunzwa zvinhu zvisingataurike.

14 Uye ^avakarambidzwa kuti vazvitaure; uye havana kupiwa simba rokuti vataure zvinhu zvavakaona nekunzwa;

15 Uye kuti vakange vari mumiviri kana kuti kunze kwe-miviri, vakatadza kuziva; nokuti kwavari zvakaita sekunge ^akushandurwa kwavo, kuti vakashandurwa kubva pamuviri uno wenyama kuenda kumuviri usingafe, kuti vaone zvinhu zvaMwari.

16 Asi zvakaitika kuti vakazoparidza zvakare panyika, asi zvavo havana kuparidza pamusana pezvinhu zvakakanzwa nokuona, nokuda kwomutemo wvakapiwa kudenga.

17 Uye zvino, kana vaive vanofa kana vasingafi, kubvira pazuva rokushandurwa kwavo, handizivi;

18 Asi ndinoziva izvi, maererano nezvinyorwa izvo zvakapiwa—vakafamba panyika, vakaparidza kuvanhu vose, vachibatandiza avo vose muhechi vaitenda mune zvavaiparidza; vachivabhabhatidza, zve vose vakabhabhatidzwa vakagamuchira Mweya Mutsvene.

19 Uye vakaiswa mutirongo neavo vakanga vasiri vechechi. Uye ^amatorongo akatadza kuvachengeta, nokuti akatsemurwa nepakati.

8a 3 Ni. 28:36–40.

NKM Upenyu hwenyama.

^b NKM Asingafe.

9a VaF. 1:23–24;

D&Z 7:5–6.

10a D&Z 84:36–38.

^b Joh. 17:20–23.

11a 2 Ni. 31:17–21;

3 Ni. 11:32.

13a II VaKori. 12:2–4.

14a D&Z 76:114–116.

15a Mos. 1:11.

NKM Kushandurwa.

19a Mabasa 16:26;

Aruma 14:26–28.

20 Uye vakakandwa mumakomba; asi vakarova pasi neshoko raMwari zvokuti, “nesimba ravo vakaburitswa kubva muudzamu hwepasi; nokudaro havai kwani kucha makomba aigona kuvachengeta.

21 Uye katatu vakakandwa “muchoto vakasakuvara.

22 Uye kaviri vakakandwa “mugomba remhuka dzemusango; asi tarisai vakatamba nemhuka dzesango somwana ane hwayana iri kuyamwa, vakasakuvara.

23 Uye zvakaitika kuti ndiko kupinda kwavakaita mukati mavanhu vose vaNifai, vakaparidza “vhangeri raKristu kuvanhu vose panyika; vakauya kuna Ishe, vakabatanidzwa muhechi yaKristu, zve vanhu vechizvarwa ^bichocho vakakomborerwa, maererano neshoko raJesu.

24 Uye zvino ini, Mormoni, ndinombomira kutaura pamusoro pezvinhu izvi kwechinguva.

25 Tarisai, ndanga ndava kuda kunyora “mazita eavo vaisazoziva rufu, asi Ishe vandirambidza; naizvozvo handianyori, nokuti akavigwa kunyika.

26 Asi tarisai, ndakavaona, uye vakaparidza kwandiri.

27 Zve tarisai vachazove pakati pamaJentairi, maJentairi vakasavaziva.

28 Vachazova zve pakati pemaJuda, maJuda akasavaziva.

29 Uye zvichaitika kuti kana Ishe vaona muruzivo rwavo kuti nguva yacho yakwana vachaparidza kumarudzi ose “akapararira elsaeri, nekunyika dzose, marudzi, ndimi navanhu, uye vachaunza kubva mavari vakawanda kuna Jesu, kuti zvido zvavo zvigozadzikiswa, uye nokuda kwesimba rinopwisa raMwari riri mavari.

30 Uye vakaita “sengi rozi dzaMwari, kana vakanamata kuna Baba muzita raJesu vanokwanisa kuzviratidza kune munhu wose wavada.

31 Naizvozvo, vachaita mabasa makuru anoshamisa, zuva “guru raanouya risati rasvika apo vanhu vose vachafanirwa kumira pamberi pechigaro cheutongi hwaKristu;

32 Hongu kunyange kumaJentairi vachaita basa “guru rinoshamisa, zuva rokutongwa risati rauya.

33 Uye kana manga muine zvinyorwa zvose zvinotaura nezve mabasa anoshamisa aKristu, mungadai, maererano namazwi aKristu, muchiziva kuti zvecho kwadi zvinhu izvi zvichauya.

34 Uye nhamo kune uyo “acharamba kuteerera kumazwi aJesu, nekune ^bavowo vaakasarudza akavatuma mukati mavo;

20a Morm. 8:24.

21a Dan. 3:22–27;

4 Ni. 1:32.

22a Dan. 6:16–23;

4 Ni. 1:33.

23a NKM Vhangeri.

b 3 Ni. 27:30–31.

25a 3 Ni. 19:4.

29a NKM Israeri—

Kupararira kwa

Israeri; Israeri—

Marudzi gumi

akarasika alsraeri.

30a NKM Ngirozi.

31a Hir. 12:25;

3 Ni. 26:4–5.

32a 2 Ni. 25:17.

34a Eta 4:8–12.

b NKM Muporofita.

nokuti uyo asingagamuchire mazwi aJesu nemazwi eavo vaakatuma haamugamuchire; naizvozvo haazovagamuchira nezuva rokupedzisira;

35 Uye zvingadai zvakave nani kwavari dai vanga vasina kuberekwa. Nokuti munofunga here kuti mungabvise kutonga kwaMwari vanenge vatadzirwa, avo “vatsikwa-tsikwa netsoka dzevanhu, kuti ruponeso ruuuye?

36 Zve zvino tarisai, ndichitaura pamusoro peavo vakasarudzwa naIshe, hongu, vatatu vakapinda kudenga, vandisingazive kuti vakacheneswa kubva mukuva vanofa kunova vasingafe—

37 Asi tarisai, kubvira kunyora, kwandakaita, ndakabvunza kuna Ishe, vakaita kuti ndione kuti panofanirwa kunge paine kushandurwa kwakaitwa miviri yavo, kana kuti vaizofanirwa kuziva rufu;

38 Naizvozvo, kuti vasazoziva rufu pakave “nokushandurwa kwemiviri yavo, kuti vasazorwadziwa kana kutambudzika kunze kwekunge kuri kwekuda kwezvivi zvenyika yose.

39 Zvino kushanduka uku hakuna kuenzana nokuchaitika musi wokupedzisira; asi pakave nokushanduka pavari, zvekuti Satani akatadza kuvakurira, kuti “asavaedza; ^bvakatveneswa munyama, zvokuti vakava ‘vatsvene, nokuti masimba enyika akatadza kuvabata.

40 Uye vaizogara vakadaro ku-

svika zuva rokutonga raKristu; zve pazuva iroro vaizogamuchira rushanduko rwukuru, nokuzogamuchirwa muumambo hwaBaba uye nokusazoenda kunze zvakare, asi kuzogara naMwari nokusingaperi kumatenga.

CHITSAUKO 29

Kuuya kweBhuku raMormoni chiratidzo chokuti Ishe vatangisa kuunganidza maIsraeri nokuzadzikisa chibvumirano chake—Avo vanoramba zvaachazarura mumazuva ekupedzisira nezwoipo zvake vachapiwa mhaka. Zvingangove makore 34 kusvika ku35 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino tarisai, ndinoti kwamuri kana Ishe vakaona zvakakodzera, muungwaru hwavo, kuti kutaura uku “kuchauya kumaJentairi maererano neshoko ravo, zvino munozoziva kuti ^bchibvumirano chaBaba chavakaita navana vaIsraeri maererano nokudzoserwa kwavo kunyika yamadzibaba avo, chave kutotanga kuzadzikiswa.

2 Uye muchazoziva kuti mazwi aIshe, ayo akataurwa navaporofita vatsvene, ose achazadzikiswa; uye hamuzoti Ishe “vanonoka kuuya kuvana vaIsraeri.

3 Uye hamufanire kufunga mumwoyo yenyu kuti mazwi akataurwa aya haana chaanoreva, nokuti tarisai, Ishe vacharangarira chibvumirano chavo

35a Hir. 12:2.

38a NKM Vanhu
Vakapindurwa.

39a NKM Chiedzo.

b NKM Kutsveneswa.

c NKM Hutsvene.

29 1a 2 Ni. 30:3–8.

b Morm. 5:14, 20.

2a Ruka 12:45–48.

chavakaita navanhu vavo vema yaIsraeri.

4 Uye mukange mave kuona zvakataurwa izvi zvave kuuya pakati penyu, hamuchafanira kuramba muchituka Ishe, nokuti ^amunondo ^bwokutonga kwavo wave muruoko rwavo rworudyi; uye tarisai, pazuva iroro, mukashora mabasa avo vachaita kuti rikupfuurei.

5 Ane ^anhamo ^banotuka mabasa aIshe; hongu, ane nhamo uyo ^cacharamba Kristu namabasa ake!

6 Hongu, ane ^anhamo acharamba zvinozarurwa naIshe, nouyo achati Ishe havachashandi nekuzururira, kana nehuropofita, kana ^bnezvipo, kana nendimi, kana nokurapa, kana kuti nesimba roMweya Mutsvene.

7 Hongu, ane nhamo uyo achati nezuva iroro, kuti awane ^aupfumi, kuti ^bhakuna chishamiso chingaitwa naJesusu Kristu; nokuti uyo anoita izvi achaita ^csomwanakomana wekuraswa, uyo asina kuitirwa tsitsi, maererano neshoko raKristu!

8 Hongu, hamuchafanira ^aku-shinyira, kana ^bkutuka, kana kuseka ^cmaJuda, kana nezvimwe zvezvizvarwa zvemba yaIsraeri; nokuti tarisai, Ishe vanorangarira chibvumirano chavo kwavari, uye vanoita kwavari sezvavakatsidza.

9 Naizvozvo musafunge kuti mungaite kuti ruoko rwaIshe rworudyi rwuende kuruboshwe, kuti vasatonge mukuzadzikisa chibvumirano chavakaita kuvana vaIsraeri.

CHITSAUKO 30

MaJentairi vamazuwa ekupedzisira vanotaurirwa kuti vatendeuke, nokuuya kuna Kristu, vazoverengerwa kune vema yaIsraeri. Zvingangove makore 34 kusvika ku35 shure kwekunge Kristu azvarwa.

TEERERAI, imi maJentairi, munzwe mazwi aJesusu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu, ^aaakandiraira kuti nditaure pamusana penyu, nokuti, tarisai andiraira kuti ndinyore, ndichiti:

2 Tendeukai, imi ^amaJentairi mose, kubva munzira dzenyu dzakaipa; ^bmutendeuke kubva mukuita zvakaipa kwenyu, munhema dzenyu nomukunyengetedza, noupombwe hwenyu, nekutadza kwenyu kuri muchivande, nokunamata zvifanandizo kwenyu, noumhondi hwenyu, noufundisi husakarurama hwenyu, nokuchiva kwenyu, nekukakavadzana kwenyu, mu-bve mune kuipa kwenyu kwose nezvakaipa zvenyu zvose,

4a 3 Ni. 20:20.

^b NKM Yenzaniso.

5a 2 Ni. 28:15–16.

^b Morm. 8:17;

Eta 4:8–10.

^c Mat. 10:32–33.

6a Morm. 9:7–11, 15.

^b NKM Zvipo

zveMweya.

7a NKM Unyengeri

hwehupirisita.

^b 2 Ni. 28:4–6;

Morm. 9:15–26.

^c NKM Vanakomana

veKuraswa.

8a 1 Ni. 19:14.

^b 2 Ni. 29:4–5.

^c NKM maJuda.

30 1a 3 Ni. 5:12–13.

2a NKM MaJentairi.

^b NKM Rutendeuko.

muuye kwandiri, mubhabhatidzwe muzita rangu, kuti mukanganwirwe zivivi zvenyu,

muzadzwe neMweya Mutsvene, kuti ‘muzoverengerwa kuvanhu vangu vanova vemba yaIsraeri.

NIFAI WECHINA BHUKU RANIFAI

ANOVE MWANAKOMANA WANIFAI—MUMWE WEVADZIDZI VAJESU KRISTU

Nhoroondo yavanhu vaNifai maererano nezvinyorwa zvake.

MaNifai nemaRamani vose vakatendeukira kuna Ishe—Vane zvinhu zvimwe chete vose, vanoshanda zvishamiso, vobudirira munyika—Kwapera makore mazana maviri, kupesana, kuipa, chechi dzenhema, kutambudzwa kwakatangisa—Kwapera makore mazana matatu, vose maNifai nemaRamani vakanga vaipa—Amaroni anoviga zvinyorwa zvinoera. Zvingangove makore 35 kusvika ku321 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti makore makumi matatu namana apfuura, uye negore remakumi matatu namashanu, tarisai vadzidzi vaJesu vakanga vatangisa chechi yaKristu munyika dzose dzakakomberedza. vose vakauya kwavari, vakatendeuka zvechokwadi kubva pazvivi zvavo, vakabhabhatidzwa muzita raJesu; uyewo vakagamuchira Mweya Mutsvene.

2 Uye zvakaitika kuti mugore

remakumi matatu namatanhatu, vanhu vose vakatendeukira kuna Ishe, pamusoro penyika yose, vose maNifai nemaRamani, pakasava nokupesana kana kukakavadzana pakati pavo, uye munhu wose akaita zvakanfanira kune mumwe.

3 Uye vakanga vakaenzana muzvinhu “zvose zvavaive nazvo; naizvozvo pakanga pasina vapfumi kana varombo, akasungwa neasina, asi vose vakasunungurwa, nokuva vagamuchiri vezvipi zvokudenga.

4 Uye zvakaitika kuti gore ramakumi matatu nemanomwe rakapfuurawo zvakare, runyararo rwakaramba rwuchienderera mberi munyika iyi.

5 Uye pakave namabasa makuru anoshamisa akaitwa navadzidzi vaJesu, mukudaro “vakaporesa varwere, vakamutsa vakafa, vakaita kuti vakaremara vafambe, namapofu kuti aone, nematsi kuti dzinzwe;

2c VaG. 3:27-29;
2 Ni. 10:18-19;
3 Ni. 16:10-13;
21:22-25;

Abr. 2:10.
[4 NIFAI]
1 3a Mabasa 4:32;
3 Ni. 26:19.

NKM Gadza, Mutemo
weruGadzo.
5a NKM Kurapa.

nezvimwewo ^bzvishamiso zvakasiyana vakazviita pakati pavana vevanhu; uye hakuna imwe nzira yavaiita nayo zvishamiso kunze kwemuzita raJesu.

6 Uye ndiko kupfuura kwakaita gore rechimakumi matatu nemasere, negore rechimakumi matatu nemapfumbamwe, negore ramakumi mana nerimwe, neremakumi mana nemairi, hongu, kunyange neremakumi mana nemapfumbamwe rakanga rapfuura, uye neremakumi mashanu nerimwe, neremakumi mashanu nemaviri; hongu, kunyange neremakumi mashanu nemapfumbamwe rakanga rapfuura.

7 Uye Ishe vakaita kuti vabudirire zvikuru munyika iyi; hongu, mukudaro vakavaka maguta zvakare umo makange mune maguta akanga apiswa.

8 Hongu, kunyange ^aguta guru reZarahemura vakaita kuti rivakwe zvakare.

9 Asi kwakanga kune maguta akawanda akanga ^aakanyura, pakabva paita mvura imomo; naizvozvo maguta aya haana kuzovakwa patsva zvakare.

10 Uye zvino, tarisai, zvakaitika kuti vanhu vaNifai vakasimba, vakawanda zvikuru nokukurumidza, vakava vanhu ^avakarurama vanofadza.

11 Uye vakaroorana, vakapiwa mukuroorana, vakakombore-

rwa sekuwanda kwezvivimbiso zvakavakanga vavimbiswa naIshe kuti achavaitira.

12 Uye havana kuzofamba ^amuzviito ^bzvemutemo waMosesi; asi vakafamba vachitevedza mirairo iyo vakagamuchira kubva kuna Ishe Mwari vavo, vachiramba vachinamata ^cno-kutsanya, nemukusangana pamwechete nguva dzose kuti vanamate nokunzwa shoko raIshe.

13 Uye zvakaitika kuti pakanga pasina kupesana pakati pevanhu, munyika yose; asi kwakave nezvishamiso zvikuru zvakaitwa pakati pevadzidzi vaJesu.

14 Uye zvakaitika kuti gore rechimakumi manomwe nerimwe rakapfuura, uye negore rechimakumi manomwe namaviri, hongu, zve muchidimbu kusvikira gore rechimakumi manomwe nemapfumbamwe rakapfuura; hongu, kunyange makore zana akanga apfuura, vadzidzi vaJesu, avo akanga asarudza, vose vakanga vaenda ^akuparadiso yaMwari, kunze kwaavo ^bvatatu vaifanira kusara; pakava navamwe ^cvadzidzi ^dvakagadzwa munzvimbo dzavo; vanhu vazhinji vechizvarwa ichochi vakanga vapfuura.

15 Uye zvakaitika kuti pakanga ^apasina kupesana munyika, nokuda kwerudo rwaMwari

5b Joh. 14:12.

NKM Chishamiso.

8a 3 Ni. 8:8.

9a 3 Ni. 9:4, 7.

10a Morm. 9:6.

12a 2 Ni. 25:30;

3 Ni. 15:2–8.

^b NKM Mutemo waMosesi.

^c Moro. 6:5;

D&Z 88:76–77.

14a NKM Paradiso.

^b 3 Ni. 28:3–9.

NKM Vanhu

Vakapindurwa.

^c NKM Mudzidzi.

^d NKM Gadza.

15a NKM Runyararo.

urwo rwakagara mumwoyo yavanhu.

16 Uye pakanga “pasina ruchiva, kana gakava, kana kumukirana, kana upombwe, kana nhema, kana kuponda, kana nzira ^bdzeruchiva dzipti zvadzo; zvechokwadi hakuna vamwe vanhu ‘vaifara kupfuura vanhu ava pavanhu vakasikwa noruoko rwaMwari.

17 Pakanga pasina makororo, kana mhondi, kana maRamani, kana mamwe madzinza zvawo; asi vakanga vari “muhumwe, vana vaKristu, nevagari venhaka yeumambo hwaMwari.

18 Uye vakakomborerwa sei! Nokuti Ishe vaivakomborera mukuita kwavo kwose; hongu, vakakomborerwa vakabudirira kusvikira makore zana negumi apfuura; chizvarwa chokutanga kubva pana Kristu chakanga chapfuura, uye pakanga pasina kupesana munyika yose.

19 Uye zvakaitika kuti Nifai, uyo akachengeta zvinyorwa izvi zvekupedzisira, (akazvichengeta “pamahwendefa aNifai) akafa, mwanakomana wake Amosi akazvichengeta pachinzvimbo chake; akazvichengeta pamahwendefa aNifai zvakare.

20 Uye akazvichengeta kwe-makore makumi masere nama-na, zvakadaro makange mune runyararo munyika umu, kunze kwechikamu chiduku chavanhu avo vakanga vapanduka kubva

muchechi vakatora zita remaRamani; naizvozvo makave nema-Ramani zvakare munyika iyi.

21 Uye zvakaitika kuti Amosi akafawo, (rakanga riri gore rezana namakumi mapfumbamwe namana kubva pakuuya kwakaita Kristu) mwanakomana wake Amosi akachengeta zvinyorwa pachinzvimbo chake; akazvichengetawo pamahwendefa aNifai; uyewo zvakanyorwa mubhuku raNifai, rinova bhuku rino.

22 Uye zvakaitika kuti makore mazana maviri akanga apfuura; chizvarwa chechipiri chakanga chapfuura kunze kwavashoma.

23 Uye zvino ini, Mormoni, ndinoda kuti muzive kuti vanhu vakanga vawanda, zvekuti vakanga vafararira nenyika yose, zve vakange vapfuma zvikuru, nokuda kwokubudirira kwavo munaKristu.

24 Uye zvino, mugore iri remazana maviri nerimwe vamwe vavo vakatangisa “kuzvikudza, sezvakaita kuzvishongedza nembatya dzinodaidza mari yakawanda, nezvuma zvinokosha zvemhando dzose, nezvinhu zvakanaka zvenyika.

25 Uye kubva panguva iyoyo vakanga vasisaise zvinhu zvavo “pamwechete.

26 Uye vakatangisa kupardzana muzvikwata, vakatangisa kuzvivakira “kereke dzavo kuti vawane ^bupfumi, vakatangisa

16a NKM Kubatana.
b NKM Ruchiva.
c Mosaya 2:41;
Aruma 50:23.
NKM Rufaro.

17a Joh. 17:21.
NKM Zioni.
19a NKM Mahwendefa.
24a NKM Kudada.
25a 4 Ni. 1:3.

26a 1 Ni. 22:23; 2 Ni. 28:3;
Morm. 8:32–38.
b D&Z 10:56.
NKM Unyengeri
hwehupirisita.

kuramba chechi yechokwadi raKristu.

27 Uye zvakaitika kuti gore ramazana maviri negumi rapfuura pakava nechechi dzakawanda munyika; hongu, pakave nechechi dzakawanda aiti anoziva Kristu, asi ivo “vairamba zvikamu zvakawanda zvevhangeri rake, mukudaro vakagamuchira zvinhu zvose zvakaipa, vakapa izvo zvinoera kune avo vakanga ^bvarambidzwa nokuda kwokusakodzera kwavo.

28 Uye “chechi iyi rakakura zvikuru nokuda kwokuipa kwaro, uye nokuda kwaSatani nesimba rake rakabata mwoyo yavo.

29 Uye zvakare, pakanga pane imwe chechi yairamba Kristu; uye “vaitambudza chechi yechokwadi vaKristu, nokuda kwokuzvininipisa nokutenda kwavo muna Kristu; uye vaka-vashora nokuda kwezvishamiso izvi zvaitwa pakati pavo.

30 Naizvozvo vakaratidza simba nemvumo pamusoro pevadzidzi vaJesus avo vaigara navo, vakavaisa “mutorongo; asi nokuda kwesimba raMwari, rakanga riri mavari, matirongo akatsemuka nepakati, vakaenda vachiita zvishamiso pakati pavo.

31 Kunyange zvakadaro hazvo, zvisinei nezvishamiso izvi, vanhu vakaomesa mwoyo yavo, vakatsvaka kuvauraya, kana

samaJuda kuJerusarema vaka-tsvara kuuraya Jesu, maererano neshoko rake.

32 Uye vakavakanda “muzvoto ^bzvemoto, asi vakabuda vasina kukuvara.

33 Uye vakavakanda zvakare “mumakomba emhuka dzesango, asi vakatamba nemhuka somwana ari kutamba negwayana; vakabuda madziri, vasina kukuvadzwa.

34 Zvakadaro, vanhu vakaomesa mwoyo yavo, nokuti vaitungamirirwa namapirisita namaporofita vakawanda venhema kuti vavake chechi dzakawanda, nokuita kuipa kwose. Uye “vakarwisa vanhu vose vaJesus; asi vanhu vaJesus havana kurwisawo. Izvi zvakaita kuti vaderere mukusatenda vakave vanhu vakaipa, gore negore, kusvika makore mazana maviri namakumi matatu apfuura.

35 Uye zvakaitika kuti mugore irori, hongu, ramazana maviri namakumi matatu nerimwe, pakave nokupesana kukuru pakati pavanhu.

36 Uye zvakaitika kuti mugore iroro kwakamuka vanhu vainzi maNifai, vakanga vari vatendi vechokwadi muna Kristu; uye pakati pavo pakange pane vaidaidzwa kuti maRamani—maJakobho, maJosefa, namaZoram; uye

37 Naizvozvo vatendi vechokwadi munaKristu, navanamati vechokwadi vaKristu, (pakati

27a NKM Kurasika
Pachitendero.
b 3 Ni. 18:28–29.

28a NKM Dhiabhorosi—

Chechi radhiabhorosi.
29a NKM Kupfuvisa.
30a 3 Ni. 28:19–20.
32a 3 Ni. 28:21.

b Dan. 3:26–27.
33a 3 Ni. 28:22.
34a 3 Ni. 12:39;
D&Z 98:23–27.

pavo pakanga pane vadzidzi “vatatu vaJesu vaifanira kugara) vaidaidzwa kuti maNifai, nemaJakobho, nemaJosefa, nemaZoramu.

38 Uye zvakaitika kuti avo vakaramba shoko vakadaidzwa kuti maRamani, nemaRemueri, nemaIshmaeri; uye havana kunge vaderera mukusatenda, asi “vakapanduka kubva pashoko raKristu vachida; vakadzidzisa vana vavo kuti vasatende, semadzibaba avo, kubvira pakutanga, vakadererawo.

39 Uye kwaiva kuda kwokutadza nokuipa kwamadzibaba avo, sezvazvakaita pakutanga. Uye “vakadzidziswa kuvenga vana vaMwari, sekudzidziswa kwakaitwa maRamani kuvenga vana vemaNifai kubvira kumavambo.

40 Uye zvakaitika kuti makore mazana maviri nemakumi mana nemana akanga apfuura, uye ndizvo zvakanga zvakaita nyaya dzevanhu. Uye chikamu chavanhu vakaipa vakawanda vakave nesimba, vakave vanhu vakawanda kupfuura vanhu vaMwari.

41 Uye vakaenderera mberi nokuzvivakira kereke dzavo, vachidzishongedza nezvinhu zvakasiyana-siyana zvinokosha. Zve makore mazana maviri namakumi mashanu akapfuura saizvozvo, namakore mazana maviri namakumi matanhatu akapfuurawo saizvozvo.

42 Uye zvakaitika kuti chikamu

chavanhu vakaipa chakatanga kuvaka mhiko “nezvikwata zve-muruvande zvaGadhiandoni.

43 Uye navanhuwo avo vaidaidzwa kuti vanhu vaNifai vakatangisa kuzvikudza mu-mwoyo yavo, nokuda kwoupfumi hwavo hwakapfuuridza, vakaita zvisina maturo sehama dzavo, maRamani.

44 Uye kubva panguva iyoyi vadzidzi vakatangisa kusuwa pamusana “pezvivi zvenyika.

45 Uye zvakaitika kuti apo makore mazana matatu akanga apfuura, vose vanhu vaNifai nemaRamani vakanga vaipa zvakapfuuridza pasina anonzi uyu ari nani.

46 Uye zvakaitika kuti makororo aGadhiandoni akapararira kunyika dzose dzapasi; zve hakuna umwe akanga achiri mutsvene kunze kwavadzidzi vaJesu. Goridhe nesirivha vakachengeta zvakawandisa, vakaita zvose zvavaigona.

47 Uye zvakaitika kuti shure kwemakore anokwana mazana matatu nemashanu apfuura, (vanhu vakaipa vakaramba vari muzvakaipa). Amosi akafa; munin’ina wake Amaroni, akachengeta zvinyorwa izvi pachinzvimbo chake.

48 Uye zvakaitika kuti apo makore mazana matatu ane makumi maviri akanga apfuura, Amaroni, akatunhwa neMweya Mutsvene, akaviga zvinyorwa izvo zvaiera—hongu, kunyange “zvinyorwa zvose zvinoera

37a 3 Ni. 28:6–7;

Morm. 8:10–11.

38a NKM Hupanduki.

39a Mosaya 10:17.

42a NKM Huranganwa hwemuruvande.

44a 3 Ni. 28:9.

48a Hir. 3:13, 15–16.

zvakapiwa kwaari kubva kuchi-zvarwa nechizvarwa, izvo zvaiera—kusvikira pamakore mazana matatu nemakumi maviri kubva pakuuya kwaKristu. 49 Zve akazviviga kuna Ishe,

kuti “zvizouya zvakare kune zvizvarwa zvemba yaJakobo, maererano nehuporofita nevimbiso dzaIshe. Uku ndiko kuguma kwezvinyorwa zva-Amaroni.

BHUKU RAMORMONI

CHITSAUKO 1

Amaroni anorairidza Mormoni pamusana pezvinyorwa zvinoera—Hondo inotangisa pakati pamaNifai namaRamani—MaNifai matatu anotorwa—Kuipa, kusatenda, kunyengedza, nouroyi zvakavapo. Zvingangove makore 321 kusvika ku326 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ini “Mormoni, ndinoita ^bchinyorwa che-zvinhu zvandakaona nokunzwa, zve ndinozvidaidza kuti Bhuku raMormoni.

2 Uye panguva iyo “Amaroni ave kuzoviga zvinyorwa kuna Ishe, akauya kwandiri (Ini ndiine makore gumi ekuberekwa, uye ndakatanga ^bkudzidza zvakawanda setsika yokudzidza kwavanhu vekwedu) uye Amaroni akati kwandiri: Ndinoona kuti uri mwana akatsiga uye unokasika kuona zvinhu;

3 Naizvozvo, kana wava nama-kore makumi maviri namana

ndinoda kuti urangarire zvinhu izvo waona muvanhu ava; uye kana uchinge wasvika pamakore iwayo enda kunyika yeAndumu, kune gomo rinenge richinzi “Shimu, ipapo ndipo pandakaisa zvinyorwa zvose zvinoera zvaIshe zvinotaura pamusana pavanhu ava.

4 Uye tarisai, uchatora “mahwendefa aNifai pachako, zvinenge zvasara uchazvirega zviri panzvimbo pazviri; zve uchanyora pamahwendefa aNifai zvinhu zvose izvo waona pamusana pavanhu ava.

5 Uye ini Mormoni, sowedzina “raNifai (zita rababa vangu rainzi Mormoni) ndakarangarira zvinhu izvo Amaroni akandiraira.

6 Uye zvakaitika kuti ini, ndava namakore gumi nerimwechete, ndakatakurwa nababa vangu ndikaenda kunyika yakanga iri kuchamhembe, kunyika ye-Zarahemura.

7 Nyika yose yakanga yazadzwa nedzimba, navanhu

49a Eno. 1:13.

[MORMONI]

1 1a NKM Mormoni, Muporofita

wechiNifai.

b 3 Ni. 5:11–18.

2a 4 Ni. 1:47–49.

b Mosaya 1:3–5.

3a Eta 9:3.

4a Mazwi 1:1, 11.

NKM Mahwendefa.

5a 3 Ni. 5:12, 20.

vakanga vawanda, sejecha regungwa.

8 Uye zvakaitika kuti mugore iroro hondo yakatangisa pakati pemaNifai, avo vaisanganisa maNifai namaJakobho namaJosefa namaZoram; hondo iyi yakanga iri pakati pamaNifai namaRamani uye maRemueri nemaIshmaeri.

9 Zvino maRamani namaRemueri namaIshmaeri vaidaidzwa kuti maRamani, uye mapoka maviri aiva maNifai nemaRamani.

10 Uye zvakaitika kuti hondo yakatangisa pakati pavo mukati meZarahemura, mumvura dzeSidhoni.

11 Uye zvakaitika kuti maNifai akaunganidza varume vakawanda zvikuru, kana vakapfuura zviuru makumi matatu. Uye zvakaitika kuti vakarwa kakati wandei mugore iroro, apo maNifai akakurira maRamani vakauraya vazhinji vavo.

12 Uye zvakaitika kuti maRamani vakaregera chirongwa chavo, mukava norunyararo munyika; runyararo rwakavepo kwenguva inoita makore mana, kusina kudeuka kweropa.

13 Asi kuipa kwakanga kuripo munyika yose, zvekuti Ishe vakatora vadzidzi vavo “vanodiwa, mabasa ezvishamiso neekuporesa akamira nenzira yokuipa kwavanhu.

14 Uye kwakanga kusina “zvipo kubva kuna Ishe, Mweya

^bMutsvene hauna kuuya kana pana ani, nenzira yokuipa kwavo ‘nokusatenda.

15 Uye ini, ndava namakore gumi namashanu, somunhu akanga akatsiga, zvino ndakashanyirwa naIshe, ndikaraira ndikaziva kunaka kwaJesu.

16 Uye ndakada kuedza kuparidza kuvanhu ava, asi muromo wangu wakabatwa, ndikarambidzwa kuparidza kwavari; nokuti tarisai vakanga “vapandukira Mwari vavo vachida; uye vadzidzi vanodiwa vakanga ^bvabviswa munyika nenzira yokuipa kwavo.

17 Asi ndakaramba ndinavo, asi ndakarambidzwa kuparidza kwavari, nokuda kwekuoma kwemwoyo yavo; nekuoma kwemwoyo yavo nyika “yaktukwa nokuda kwavo.

18 Uye makororo aya aGadhiandoni, ayo akanga ari pakati pamaRamani, akanganisa nyika, zvekuti vagari vakatangisa kucherera “upfumi hwavo pasi; zvikatanga kutsvedza, nokuti Ishe vakanga vatuka nyika, kuti vasa-zozvibate kana kuzviwana zvakare.

19 Uye zvakaitika kuti pakava nounyengedzi hwemashiripiti, nouroyi, namapipi; simba radhiabhorosi rakanga rava panyika yose, kana kusvika mukuzadzikisa mazwi ose aAbhinadhai, uye naSamueri muRamani.

13a 3 Ni. 28:2, 12.

14a Moro. 10:8–18, 24.

b NKM Mweya
Mutsvene.

c NKM Kusadaira.

16a NKM Hupanduki.

b Morm. 8:10.

17a 2 Ni. 1:7; Aruma

45:10–14, 16.

18a Hir. 13:18–20;
Eta 14:1–2.

CHITSAUKO 2

Mormoni anotungamira mauto emaNifai—Ropa nekudeuka kwe-ropa kwakatsvaira munyika—MaNifai anonyunyuta nokuchema nekusuwa kwevakaraswa—Zuvaravo renyasha rakapfuura—Mormoni anowana mahwendefa aNifai—Hondo dzinoenderera. Zvingangove makore 327 kusvika ku350 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore rakarero pakatangisa hondo pakati pemaNifai nemaRamani. Uye kana dai zvazvo ndaive mudiki, ndaive ndiine mumhu mukuru; naizvozvo vanhu vaNifai vakandiita kuti ndive mutungamiri wavo, kana kuti mutungamiri wemauto avo.

2 Naizvozvo zvakaitika kuti mugore rangu rechigumi nematanhatu ndakaenda ndakatumgamira mauto emaNifai, tichinorwisa maRamani; naizvozvo makore mazana matatu ane makumi maviri nematanhatu akanga apfuura.

3 Uye zvakaitika kuti mugore rechimizana matatu ane makumi maviri ane makore manomwe maRamani akatinga nesimba rakapfuuridza, zvekuti vakavhundutsa mauto angu; naizvozvo havana kuda kurwa, uye vakatanga kutizira kunyika dzechekuchamhembe.

4 Uye zvakaitika kuti takasvika muguta reAngora, uye tikabva taritora guta iri, uye tikabva tagadzirira kuzvidzvirira kumaRamani. Uye zvikaitika kuti

takavakirira guta iri nesimba redu; asi zvisinei nekuti takanga takaita zvose izvi maRamani akauya akatitandanisa muguta iri.

5 Uye vakatitandanisawo munyika yaDavidi.

6 Uye takafora tikauya kunyika yaJoshua, yakanga iri kumuganhu wekumadokero nechekugungwa.

7 Uye zvakaitika kuti takauanganidza vanhu vedu nokukurumidza kwataikwanisa, kuti tivaise muboka rimwechete.

8 Asi tarisai, nyika yakanga yazara nemakororo nemaRamani; uye zvisinei zvazvo nekuti vanhu vangu vakanga vakatarisana nekuparadzwa kukuru, havana kutendeuka mukuita kwavo kwakaipa; saka kwakave neropa nekudeuka kweropa kwakapararira pamusoro penyika yose, kwose kurutivi rwemaNifai nekurutiviwo rwemaRamani; uye kukave neku-mukirana pamusoro penyika yose kwakakwana.

9 Uye zvino, maRamani vakanga vaina mambo, uye zita rake ainzi Aroni; uye akauya kuzotirwisa nematico aikwana makumi mana ezviuru ane zviuru zvina. Uye tarisai, ndakamurwisa nezviuru makumi mana ane zviuru zviviri. Uye zvakaitika kuti ndakamukurira nemauto angu zvekuti akatiza. Uye tarisai, zvose izvi zvakaitwa, uye mazana matatu ane makumi matatu emakore apfuura.

10 Uye zvakaitika kuti maNifai vakatanga kutendeuka mukutadza kwavo, vakatanga kuche-ma sezvakanga zvaporoftwa

naSamueri muporofita; nokuti tarisai, hakuna munhu aigona kuchengeta chainge chiri chake, pamusana pembavha, nemakororo, nemhondi, nezvemapipi, neuroyi zvaive munyika.

11 Saka kwakatanga kuve nekunyunyuta nekuchema munyika yose pamusana pezvinhu izvi, uye kunyanya mukati mevanhu vaNifai.

12 Uye zvakaitika kuti apo ini, Mormoni, ndakaona kunyunyuta kwavo nokuchema kwavo nokusuwa kwavo pamberi paIshe, mwoyo wangu wakatanga kufara mukati mangu, nokuziva tsitsi nemwoyo murefu waIshe, naizvozvo ndakafunga kuti achavanzwira tsitsi nokutiwo ivo vachave vanhu vakarurama zvakare.

13 Asi tarisai kufara kwangu uku kwakava kwenhando, nokuti ^akusuwa kwavo kwakanga kusiri kwekutendeuka, pamusana pekunaka kwaMwari; asi kwaive kusuwa ^bkwevakarawsa, pamusana pekuti Ishe havaivabvumira nguva dzose kuti vawane ^crufaro muchitema.

14 Uye havana kunge vauya kuna Jesu ^anemwoyo yakatyoka nemweya yakapfava, asi ^bvakatuka Mwari, uye vakati dai vafa. Zvakadaro vaitambura nemunondo kuzviriritira.

15 Uye zvakaitika kuti kusuwa kwangu kwakadzoka kwandiri zvakare, uye ndikaona kuti ^avakatenge vatopfura ^bzuva

^crenyasha, zvose mune zvenyama nezvemweya; nokuti ndakaona zviuru zvavo zvichirakashwa zvapandukira Mwari wazwo pachena, uye zvaunganidzwa semupfudze pamusoro penyika. Uye ndiko kupfuura kwakanga kwaita makore mazana matatu ane makumi mana nemana.

16 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu nemakumi mana ane mashanu maNifai akatanga kutiza maRamani; uye vakateverwa kudakara vasvika kunyika yeJashoni, vasati vakwanisa kuvamisa mukutiza kwavo.

17 Uye zvino, guta reJashoni raive pedyo ^anedunhu rakanga Amaroni aisa zvinyorwa kuna Ishe, kuti zvisaparadzwe. Uye tarisai ndakanga ndaenda maererano nemazwi aAmaroni, ndikanotora mahwendefa aNifai, uye ndikaita zvinyorwa maererano nemazwi aAmaroni.

18 Uye pamahwendefa aNifai ini ndakanyora rungano rwakakwana rwekuipa noruvengo rwose; asi ^apamahwendefa aya ndakarega kunyora rungano rwuzere rwehuipi noruvengo rwavo, nokuti tarisai, chiratidzo chehuipi noruvengo hachina kumbobva mumaziso angu kubvira panguva yandakanga ndave kuziva nekuona nzira dzemunhu.

19 Uye nhamo ndeyangu pamusana pehuipi hwavo; nokuti mwoyo wangu wakazadzwa

2 13a II VaKori. 7:10;
Aruma 42:29.
b NKM Kuraswa.
c Aruma 41:10.

14a NKM Mwoyo
Wakatyoka.
b NKM Kutaura zvisina.
15a Hir. 13:38.

b NKM Nyasha.
c Jer. 8:20; D&Z 56:16.
17a Morm. 1:1–4.
18a NKM Mahwendefa.

nokusuwa pamusana peuipi hwavo, upenyu hwangu hwose; zvakadaro, ndinoziva kuti “ndichasimudzwa muzuva rekupe-dzisira.

20 Uye zvakaitika kuti mugore irori vanhu vaNifai vakatanga kuvhimwa nokutinhwa zvakare. Uye zvakaitika kuti takatandaniswa kudakara tasvika kuchamhembe kunyika yainzi Shemi.

21 Uye zvakaitika kuti takavakirira guta reShemi, uye tikaunganidza vanhu vedu vataikwanisa, kuti zvimwe tivadzivirire kubva mukuparadzwa.

22 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu nemakumi mana ane makore matanhatu vakatanga kutivinga zvakare.

23 Uye zvakaitika kuti ndakataura kuvanhu vangu, uye ndikavakurudzira nesimba rangu guru, kuti vamire varege kutya maRamani uye “varwire vakadzi vavo, nevana vavo, nedzimba dzavo, nemi-sha yavo.

24 Uye mazwi angu anenge akavamutsa akavapa simba, zvekuti havana kuzotiza vaona maRamani, asi vakamira nokusatya vakavarwisa.

25 Uye zvakaitika kuti nema-uto aikwana zviuru makumi matatu takarwa nehondo yaive nemakumi mashanu ezviuru zvemauto. Uye zvakaitika kuti takamira nesimba zvekuti vakatitiza.

26 Uye zvakaitika kuti zvavakatiza takavatandanisa nemauto

edu, uye tikasangana navo zvakare, tikavakurira; zvakadaro simba raIshe rakanga risi nesu; hongu, takasiwa tega, zvekuti mweya walshe hauna kugara matiri; naizvozvo takashaya simba sehama dzedu.

27 Uye mwoyo wangu waku-suwa pamusana pedambudziko guru iri revanhu vangu, pamusana pekuipa kwavo neruvengo rwavo. Asi tarisai, takaenda kunorwisa maRamani nemakororo aGadhiandoni, kudakara tatora zvakare nzvimbo dzenhaka yedu.

28 Uye gore remazana matatu ane makumi mana ane makore mapfumbamwe rakanga rapfura. Uye mugore remazana matatu nemakumi mashanu takaita chibvumirano nemaRamani nemakororo aGadhiandoni, tikaita kuti nzvimbo dzenhaka yedu dzigovewe.

29 Uye maRamani akatipa nyika yekuchamhembe, hongu, kana “kamupata kakamanika kaipinda munyika yekumaodzanyemba. Uye tikapa maRamani yose nyika yekumaodza-nyemba.

CHITSAUKO 3

Mormoni anochemera kuti maNifai atendeuke—Vanowana kukurira kukuru nembiri nesimba ravo—Mormoni anoramba kuvatungamira, uye minamoto yake yaanovanamatira haina rutendo—Bhuku raMormoni rinokoka marudzi

aIsraeri ari gumi nemaviri kuti vatende vhangeri. Zvingangove makore 360 kusvika ku362 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti maRamani havana kuuya kuzorwa zvakare dakara mamwe makore gumi apfuura. Uye tarisai, ndakanga ndapa basa vanhu vangu, maNifai, mukugadzira minda yavo nezvombo zvavo kuitira nguva yehondo.

2 Uye zvakaitika kuti Ishe vakati kwandiri: Chema kuvanhu ava—Tendeukai imi, muuye kwandiri, uye mubhabhatidzwe, uye mugovaka zvakare chechi yangu, uye mugoponeswa.

3 Uye ndakachema kuvanhu ava, asi hazvina chazvakaita; uye havana kuona kuti vakanga vaponeswa nalshe, uye akavapa mukana wekuti vatendeuke. Uye tarisai vakaomesa mwoyo yavo kuna Ishe Mwari vavo.

4 Uye zvakaitika kuti mushure megore rechigumi iri, richiita, pamwechete, makore mazana matatu ane makumi matanhatu kubvira pakuuya kwaKristu, mambo wemaRamani akatumira tsamba kwandiri, yakaita kuti ndizive kuti vakanga vachigadzirira kuuya kuzorwa nesu zvakare.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaita kuti vanhu vangu vaungane pamwechete munyika yeKuparadzwa, kuguta raive kumuganhu, nechekukamupata kakamanika kaienda kunyika yekumaodzanyemba.

6 Uye ikoko ndiko kwatakaisa mauto edu, kuti tigame mauto emaRamani, kuti vatadze kutora ipi zvayo yenyika dzedu; naizvozvo takavadzivirira nesimba redu rose.

7 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu ane makumi matanhatu negore rimwechete maRamani vakauya kwatiri kuguta reKuparadzwa kuzoita hondo nesu; uye zvakaitika kuti mugore iroro takavakunda, zvekuti vakabva vadzokera kunyika kwavo zvakare.

8 Uye mugore remazana matatu ane makumi matanhatu nemakore maviri vakauya zvakare kuzorwa. Uye tikavakunda zvakare, uye tikaurya vakawanda vavo, uye vakafa vavo vakakandwa mugungwa.

9 Uye zvino, pamusana pechinhu chikuru ichi chakanga cha-itwa nevanhu vangu, maNifai, vakatanga “kuzvikudza nesimba ravo, uye vakatanga kupika pamberi pedenga kuti vachatsivida ropa rehama dzavo dzakanga dzauriwa nevavengi.

10 Uye vaipika nematanga, nechigaro cheumambo hwaMwari, kuti “vachaenda kunorwa nevavengi vavo, uye vago vabvisa pamusoro penyika.

11 Uye zvakaitika kuti ini, Mormoni, ndakaramba zvachose kubvira panguva iyi kuti ndive mukuru nemutungamiri wevanhu ava, pamusana peupi noruvengo rwavo.

12 Tarisai, ndakange ndavatumungamira, kana dai vakanga

vaine uipi ndakanga ndavatumungamira kazhinji kwazvo muhondo, uye ndichivada, maererano “nerudo rwaMwari rwaive mandiri, nemwoyo wangu wose; uye mweya wangu wakanga wadirwa mumuteuro kuna Mwari vangu muswere wose ndichinamatira ivo; zvakadaro, zvakanga ^bzvisina ruteendo, pamusana pekuoma kwe-mwoyo yavo.

13 Uye katatu ndichivabvisa mumaoko evavengi vavo, uye havana kutendeuka pazvitema zvavo.

14 Uye vapika nezvose “zvavairambidzwa kupika nazvo naIshe vedu neMuponesi Jesu Kristu, kuti vachaenda kuvavengi vavo kunorwa, uye vago-tsividza ropa rehama dzavo, tarisai izwi raIshe rakauya kwandiri, richiti:

15 “Kutsividza ndekwangu, uye ^bndichadzorera, uye pamusana pekuti vanhu ava havana kutendeuka mushure mekunge ndavabvisa, tarisai, vachabviswa pamusoro penyika.

16 Uye zvakaitika kuti ndakaramba zvachose kunorwisana nevavengi vangu; uye ndikaita sezvandakanga ndaudzwa naIshe; uye ndikamira semupupuri asina basa kuti ndiise pachena kunyika zvinhu zvandakanga ndaona ndikanzwa, maererano nokuiswa pachena kweMweya uyo wakanga wa-

pupura pamusana pezvinhu zvakanga zvichauya.

17 Naizvozvo ndinonyorera “kwamuri, maJentairi, nekwa-muriwo, imba yaIsraeri, kana basa rave kutanga, kuti munge mave pedyo nekugadzirira kudzokera kunyika yenhaka;

18 Hongu, tarisai, ndiri kunyorera kumativi ose enyika; hongu, kwamuri, marudzi alsraeri gumi nemaviri, “muchatongwa maererano nemabasa enyu muchitongwa negumi nevaviri vava vakasarudzwa naJesu kuti vave vadzidzi vake munyika yenyu yeJerusarema.

19 Uye ndinonyorera kune vakasara vevanhu ava, vachatongwawo “negumi nevaviri vakasarudzwa naJesu munyika ino; uye vachatongwa ivo nevamwe vaye gumi nevaviri vakasarudzwa naJesu munyika yeJerusarema.

20 Uye zvinhu izvi ndinozviratidzwa neMweya; naizvozvo ndinonyorera kwamuri mose. Uye nechikonzero ichi ndinokunyorera, kuti muzive mose kuti munofanirwa kumira mose pamberi pechigarro “chekutonga chaKristu, hongu, wose mweya wevanhu ^bvemhuri yaAdama; uye makafanira kuti mutongwe nemabasa enyu, kana akanaka kana kuipa;

21 Uye nokutiwo “mutende vhangeri raJesu Kristu, ramuchawana mukati menyu;

12a NKM Rudo.

b Morm. 5:2.

14a 3 Ni. 12:34–37.

15a NKM Kutsividza.

b D&Z 82:23.

17a 2 Ni. 30:3–8;

3 Ni. 29:1.

18a Mat. 19:28;

Ruka 22:29–30;

D&Z 29:12.

19a 1 Ni. 12:9–10.

20a NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

b D&Z 27:11.

21a D&Z 3:20.

nokutiwo ^bmaJuda, vanhu vechibvumirano chalshe, vachawana umwe ^cumbowo kunze kwake uyo avakaona uye vakanzwa, iye Jesu, avakauraya, aive iye ^dchaiye Kristu uye Mwari chaiye.

22 Uye ndinoda kuti ndinyengetedze ^emose mativi enyika kuti mutendeuke uye mugadzirire kumira pamberi pechigarro chekutonga chaKristu.

CHITSAUKO 4

Hondo nokuurayana kunoendere—Vakaipa vanoranga vakaipa—Kuipa kukuru kwakange kusati kwamboitika muIsraeri kwakavapo—Vakadzi navana vanoitwa mipiro kuzvifananidzo—MaRamani anotangisa kutsvaira maNifai pamberi pavo. Zvingangove makore 363 kusvika ku375 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaitika kuti mugore ramazana matatu namakumi matanhatu namatatu maNifai akaenda namauto avo kundorwisana nemaRamani, kunze kwenyika yeKuparadzwa.

2 Uye zvakaitika kuti mauto amaNifai akatinhwa akadzorerwa kunyika yeKuparadzwa zvakare. Uye apo vakanga vakaneta kudaro, mamwe mauto matsva emaRamani akauya akavarwisa; vakave nokurwa kunorwadza, mukudaro maRamani akakwanisa kutora guta

reKuparadzwa, vakauraya maNifai akawanda, vakatora vasungwa vakawanda.

3 Uye vakasara vakatiza vakandobatana navagari veguta reTeangumu. Zvino guta reTeangumu rakanga riri pakati pemuganhu wenyika rakatarisana negungwa; rakanga riri pedyo neguta reKuparadzwa.

4 Uye izvi zvakave ^fpamusana pemauto emaNifai akaenda kunodenha maRamani; dai kusiri kudaro, maRamani haaimbowana simba kupfuura ivo.

5 Asi, tarisai, kutonga kwaMwari kunoita kuti wakaipa akundwe; zve vakaipa ^gvanorungwa nevakaipa; nokuti ndevakaipa vanokonzera mwoyo yavana vavanhu kuti vadeure ropa.

6 Uye zvakaitika kuti maRamani akagadzirira kundorwisa guta reTeangumu.

7 Uye zvakaitika kuti mugore remazana matatu namakumi matanhatu namana maRamani akauya kuzorwisa guta reTeangumu, kuti zvimwe vangatore guta reTeangumu zvakare.

8 Uye zvakaitika kuti vakatinhwa vakadzorerwa shure namaNifai. Apo maNifai akaona kuti akanga adzorera maRamani shure vakatanga kuzvikudza nesimba ravo; vakaenda voita zvavanoda, vakatora zvakare guta reKuparadzwa.

9 Uye zvino zvinhu zvose izvi zvakanga zvaitwa, uye wakanga kune zviuru nezviuru

21b NKM maJuda.
c 2 Ni. 25:18.
d 2 Ni. 26:12;

Mosaya 7:27.
22a Aruma 29:1.
4 4a Morm. 3:10.

5a D&Z 63:33.

zvakaauraiwa zvamativi ose kumaNifai nekumaRamani.

10 Uye zvakaitika kuti makore mazana matatu ane makumi matanhatu, nematanhatu akanga apfuura, maRamani akauya zvakare kumaNifai kuti vavarwise; asi maNifai haana kute ndeuka pazvinhu zvakaipa zvakanga vaita, asi vakaramba vachiita zvakaipa.

11 Uye rurimi harukwanise kutsanangura, kana kuti munhu anyore tsananguro yakakwana yezvakaitika zvinotyisa izvi zveropa nokuurayana pakati pavanhu, vose maNifai namaRamani; wose mwoyo wakao meswa, zvekuti vakafadzwa nokuramba vachideura ropa nguva dzose.

12 Uye kwakanga kusina kumboita “huipei hukuru hwakadai pakati pavana vose vaRihai, kana pakati pavana vose veIsraeri, maererano namazwi aIshe, sekwakanga kuri pakati pavanhu ava.

13 Uye zvakaitika kuti maRamani vakatora guta reKuparadzwa, nokuti “huwandu hwavo hwaidarika huwandu hwemaNifai.

14 Uye vakafamba zvakare vakananga kuguta reTeangumu, vakaburitsa vagari vemo, vakatora vasungwa vakawanda zvo se vakadzi nevana, vakavaita semupiro kunaana mwari vavo “vezvifananidzo.

15 Uye zvakaitika kuti mugore ramazana matatu namakumi

matanhatu anemanomwe, maNifai akatsamwa zvikuru kuti maRamani akanga apa sechibairo vakadzi vavo nevana vavo, vakava vanoenda kumaRamani nokutsamwa kukuru, zvekuti vakakurira maRamani, vakavaburitsa munyika vavo.

16 Uye maRamani havana kuya zvakare kuzorwisa maNifai kusvika mugore remazana matatu ane makumi manomwe nemashanu.

17 Uye mugore irori vakauya zvakare kuzorwisa maNifai nesimba ravo rose; zve havana kunge vakaverengwa nokuti vakanga vakawandisa.

18 Uye “kubva panguva iyoyi maNifai havana kuzowana simba kupfuura maRamani, asi vakatanga kutsvairwa sedova riri muzuva.

19 Uye zvakaitika kuti maRamani vakauya kuguta reKuparadzwa; kwakave nokurwisana kunorwadza munyika yeKuparadzwa, umo maNifai akakurirwa.

20 Uye vakatiza zvakare kubva kwavari, vakaenda kuguta rainzi Boazi; uko vakarwisa zvinotyisa maRamani, zvekuti maRamani haana kuvakurira kusvikira vadzoka zvakare kechipiri.

21 Uye apo vakanga vauya kechipiri, maNifai akatinhirwa kunze vakaurayiwa zvikuru, vakadzi nevana vavo vakapirwa zvekare kuzvifananidzo.

22 Uye zvakaitika kuti maNifai akatiza zvakare, vachitora

vanhu vose, mumaguta nomumisha.

23 Uye zvino ini Mormoni, ndichiona kuti maRamani akananga ava kuda kutora nyika, naizvozvo ndakaenda kugomo “reShimu, ndikatora zvinyorwa zvose izvo Amaroni akanga aviga kunaIshe.

CHITSAUKO 5

Mormoni anotungamira zvakare maNifai nemo auto avo mukurwa kwerope nekudeuka kwerope— Bhuku raMormoni richauya kuzopwisa yose Israeri kuti Jesu ndiye Kristu— Pamusana pekusatenda kwavo, maRamani achapararira uye Mweya ucharega kushanda navo— Vachatambira vhangeri kubva kumaJentairi mumazuva ekupedzisira. Zvingangove makore 375 kusvika ku384 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvakaaitika kuti ndakaenda mukati memaNifai, ndikatendeuka “pamhiko chandakanga ndaita kuti handichazovayamura; uye vakandipa zvakare kuti nditungamire mauto avo, nokuti vaitarisira kwandiri sekunge ndingakwanise kuvabvisa mumatambudziko avo.

2 Asi tarisai, ndakanga “ndisina ruvimbo, nokuti ndaiziva kutonga kwaIshe kwaiuya kwavari; nokuti havana kunge vatendeuka muzvitadzo zvavo, asi vaingotambudzikira upenyu hwavo vasingaidzire kuna Iye akavasika.

3 Uye zvakaaitika kuti maRamani akativinga zvakare zvatakananga tatizira kuguta reJorodhani; asi tarisai, vakatinhirwa shure zvekuti havana kutora guta iri panguva iyoyo.

4 Uye zvakaaitika kuti vakativinga zvakare, uye tikadzivirira guta iri. Uye kwakange kuine mamwe maguta akanga akachengetwa nemaNifai, kusimba kwavo kwakavatadzisa kuti vapipe mukati menyika, kuti vanoparadza vagari venyika yedu.

5 Asi zvakaaitika kuti yose nzvimbo yataipfuura nemo, uye vanhu vemo vasina kuungana pamwechete, vakaparadzwa nemaRamani, uye misha yavo nemadhorobha avo, zve nemaguta zvakapiswa nemoto; saka mazana matatu emakore nemakumi manomwe ane mapfumbamwe akapfuura.

6 Uye zvakaaitika kuti mugore remazana matatu nemakumi masere maRamani vakativinga zvakare kuzorwa, uye tikavarwisa pasina kutya takashinga; asi zvakashaya maturo, nokuti vakanga vakawanda zvekuti vaitoita zvekutsika maNifai netsoka.

7 Uye zvakaaitika kuti takatiza zvakare, avo vakamhanya kupfuura maRamani vakapona, uye vakatadza kusiya maRamani vakarakashwa vakaparadzwa.

8 Uye zvino tarisai, ini Mormoni, handidi kuti ndimise mwoyo yevanhu nokuisa pamberi pavo ropa nokudeuka

kweroa kwakadaro kuipa se-zvakaiswa pamberi pemaziso angu; asi ini, nokuziva kuti zvinhu izvi zvakafanira chokwadi kuitwa kuti zvizivikanwe, neku-ti zvose zvinhu zvakavanzwa “zvinofanira kuziviswa pachena pamatenga edzimba—

9 Uye nokutiwo ruzivo rwe-zvinhu izvi rwakafanira “kuuya kune vakasara vevanhu ava, nokumaJentairiwo, avo vakanzi naIshe vachaita kuti vanhu ava ^bvapararire, uye vanhu ava vasingazoverengwa sechinhu pakati pavo—naizvozvo ‘ndinonyora chidimbu chete, ndisingaedze kupa rungano rwuzere rwezvinhu zvandaona, pamusana pemurairo wandatambira, nokutiwo musanyanye kusuwa zvakanyanya pamusoro pekuipa kwevanhu ava.

10 Uye zvino tarisai, izvi ndiri kuzvitaure kumbeu yavo, nekuvaJentairiwo vane hany’a nemba yaIsraeri, vanoziva nekuona kunobva maropafadzo avo.

11 Nokuti ndinoziva kuti ivavo vanosuwira dambudziko remba yaIsraeri; hongu, kuti vanosuwira kuparadzwa kwevanhu ava; vanosuwa kuti vanhu ava havana kutendeuka zvekuti vangadai vakagumbatirwa mu-maoko aJesu.

12 Zvino zvinhu “izvi zvirikunyororwa ^bvakasara vemba

yaJakobo; uye zvirikunyorwa netsika iyi, nokuti zvinozivikanwa naMwari kuti kuipa kwavo hakuiti kuti zvinhu zviende kwavari; uye ‘zvinovigwa kuna Ishe kuti zvigozouya nenguva yavo.

13 Uye uyu ndiwo murairo wandatambira; uye tarisai, zvichauya maererano nemurairo waIshe, kana azviona zvakafanira, muuchenjeri hwavo.

14 Uye tarisai, vachaenda kune avo “vemaJuda vasingatende; uye pamusana pekuda uku vachaenda—kuti ^bvanyengetedzwe kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari vepenyu; kuti Baba vaunze, kuburikidza nekune Wavanodisisa, chinangwa chavo chikuru chokusingapere, mukudzorera pakare maJuda, kana imba yose yaIsraeri, kunyika yenhaka yavo, yavakapiwa naIshe Mwari vavo, mukuzadzikiswa ‘kwechibvumirano chavo.

15 Uye kutiwo mbeu yevanhu “ava inyatsotenda zvizere vhangeri ravo, ^brichaenda kwavari richibva kumaJentairi; nokuti vanhu ava vachange ‘vakapararira, uye ^dvachave vatema, vane tsvina, uye vanhu vanosemesa, kupfuura chii zvacho chati chambove pakati pedu, hongu, kana chakambove pakati pema-Ramani, uye zvichikonzerwa

8a Ruka 12:2–3;

2 Ni. 27:11;
D&Z 1:3.

9a 4 Ni. 1:49.

b 3 Ni. 16:8.

c Morm. 1:1.

12a Eno. 1:16;
Hir. 15:11–13.

NKM Bhuku
raMormoni.

b D&Z 3:16–20.

c Morm. 8:4, 13–14;
Moro. 10:1–2.

14a 2 Ni. 29:13; 30:7–8.

NKM maJuda.
b 2 Ni. 25:16–17.

c 3 Ni. 29:1–3.

15a 3 Ni. 21:3–7, 24–26.

b 1 Ni. 13:20–29, 38;
Morm. 7:8–9.

c 1 Ni. 10:12–14;
3 Ni. 16:8.

d 2 Ni. 26:33.

nokusatenda kwavo nokunamata mifananidzo.

16 Nokuti tarisai, Mweya wa-Ishe wakatorega kare “kushanda nemadzibaba avo; uye havana Kristu naMwari munyika; uye vanopupurutswa nemhepo kunge ^bhundi.

17 Vakambenge vari vanhu vaifadza, uye vaina Kristu ^asemufudzi wavo; hongu, vakanga vachitungamirwa naMwari Baba.

18 Asi zvino, tarisai, vave “kutungamirwa naSatani, sekurutswa kunoitwa hundi nemhepo, uye kana sekukandwa kunoitwa ngarava nemasaisai, kana isina mutsigiso, kana kuti isina chimwe chinhu chekuifambisa; uye sezvainenge yakaita, ndizvo zvavanenge vakaita.

19 Uye tarisai, Ishe vakavachengetera maropafadzo avo, avangadai vakagashira munyika, kuitira “maJentairi vachatora nyika.

20 Asi tarisai, zvichaitika kuti vachatinhwa vakapararaniswa nemaJentairi, uye shure kwekunge vatinhwa nekupararaniswa nemaJentairi, tarisai, zvino Ishe ndipo “pavachangarira ^bchibvumirano chaakaita naAbrahama nekuimba yose yaIsraeri.

21 Uye Ishe vachangarirawo “minamato yevakarurama, yavakavaitira kwaari.

22 Uye zvino, imi maJentairi, mungamiskidzane sei nesimba

raMwari, kunze kwekuti mute-ndeuke mubve kunzira dzenyu dzakaipa?

23 Hamuzive here imi kuti muri mumaoko aMwari? Hamuzive here iye ane simba rose, uye “pakuraira kwake kukuru nyika ^bichapetwa serukukwe?

24 Naizvozvo, tendeukai imi, uye muzvirereke pamberi pake, nokuti angangouya akazokurangai — nokuti vakasara vembeu yaJakobo vangangofamba mukati menyu ^aseshumba, vakakubvarura bvarurai kuita zvidimbu, uye hapana anokuponesai.

CHITSAUKO 6

MaNifai anoungana kunyika ye-Kumora mukurwa kwokupedzisi-ra—Mormoni anoviga zvinyorwa zvinoera muGomo reKumora—MaRamani anokunda, rudzi rwa-Nifai rwunoparadzwa—Mazana ezviuru vanouraiwa nemunondo. Zvingangove makore 385 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ndinopedza zvinyorwa zvangu maererano “noku-paradzwa kwevanhu vangu, maNifai. Uye zvakaitika kuti takafora tichienda kumaRamani.

2 Uye ini, Mormoni, ndakanyora tsamba kuna mambo waMaRamani, ndichimukumbira kuti atibvumire kuti tiungandze pamwechete vanhu vedu

16a Gen. 6:3; Eta 2:15.

^b Mpi. 1:4.

17a NKM Mufudzi

Akanaka.

18a 2 Ni. 28:21.

19a 3 Ni. 20:27–28.

20a 3 Ni. 16:8–12.

^b NKM Chibvumirano chaAbrahama.

21a Eno. 1:12–18;

Morm. 9:36–37.

23a Hir. 12:8–17.

^b 3 Ni. 26:3.

24a Mika 5:8;

3 Ni. 20:15–16.

6 1a 1 Ni. 12:19; Jar. 1:10;

Aruma 45:9–14;

Hir. 13:5–11.

“munyika yeKumora, pedyo negomo rainzi Kumora, kuti tigorwa zvakare.

3 Uye zvakaitika kuti mambo wemaRamani akabvuma zva-
taida.

4 Uye zvakaitika kuti takafora tichienda kunyika yeKumora, tikamisa matende edu takateredza gomo reKumora; rakangariri munyika yemvura yakawanda, nzizi, nezvisipiti; zve apa ndipo patakatarisira kukunda maRamani.

5 Uye zvino makore mazana matatu namakumi masere namana apfuura, takanga taunganidza vanhu vedu vose vakanga vasara munyika yeKumora.

6 Uye zvakaitika kuti apo takanga taunganidza vanhu vedu munyika yeKumora, tarisai ini Mormoni, ndakatanga kukwegura; uye ndichiziva kuti kwaiva kurwisa kwavanhu vangu kwokupedzisira, somunhu akanga arairwa nalshe kuti ndisabvumire kuti zvinyorwa zvakanga zvapiwa isu namadzibaba edu, izvo zvaiera, kuti zviwire mumaoko emaRamani (nokuti maRamani aizozviparadza) naizvozvo ndakaita chinyorwa “ichi kubva kune mahwendefa aNifai, ^bndikazviva mugomo reKumora zvinyorwa zvose zvakanga zvapiwa kwandiri noruoko rwaIshe, kunze kwezvinyorwa zvisihoma “izvi zvandakapa mwanakomana wangu, ^dMoronai.

7 Uye zvakaitika kuti vanhu

vangu, nevakadzi vavo navana vavo, vakaona “mauto emaRamani achifora achiuya kwavari; nokutya kukuru kworufu uko kunozadza zvipfuva zvakavakai-
pa, vakamirira kuti vavagamuchire.

8 Uye zvakaitika kuti vakauya kuti vazotirwisa, zve mweya wose wakazadzwa nokutya nokuda kwokuwanda kwavo.

9 Uye zvakaitika kuti vakawira pavanhu vangu neminondo, nouta, nemiseve, namatemo, nezvombo zvose zvehondo.

10 Uye zvakaitika kuti vanhu vangu vakawisirwa pasi, hongu, kunyange zviuru zvangu gumi izvo zvakange zvineni, ini ndikawira pakati pavo ndakuvadzwa; vakapfuura nepandakanga ndiri asi havana kundipfuudza.

11 Uye apo vakanga vaenda vachiuraya vanhu vangu “vose kunze kwavanokwana makumi maviri navana, (pakati pavo pakanga pano mwanakomana wangu Moronai) uye isu takanga tararama pavanhu vedu vakafa, takaona mangwana acho, apo maRamani akanga adzokera kumakamba avo, kubva pamusoro pegomo reKumora, zviuru gumi zvevanhu vangu avo vakanga vaurayiwa vachitungamirirwa neni.

12 Uye zvakare takaona zviuru gumi zvevanhu vangu zvaitungamirwa nomwanakomana wangu Moronai.

13 Uye tarisai, zviuru gumi

2a Eta 9:3.

6a NKM Mahwendefa.

b Eta 15:11.

c Mazwi 1:2.

d Morm. 8:1.

7a 1 Ni. 12:15.

11a 1 Ni. 12:19–20;

Hir. 15:17.

zviye zvaGidhigidhona zva-
kanga zvafa, iyewo ari pakati
pavo.

14 Uye Rama akanga afa nava-
nhu vake zviuru gumi; Girgari
akanga afa nezviuru gumi zva-
vanhu vake; zve Rimuha akanga
afa nezviuru gumi zvevanhu
vake; naJenemu akanga afa ne-
zviuru gumi zvavanhu vake;
naKumenaiha; naMoronaiha,
naAndionumu, naShibhuro-
mu, naShemi, naJoshi, vakanga
vafa nezviuru gumi zvemu-
mwe nomumwe wavo.

15 Uye zvakaitika kuti kwaka-
nga kune vamwe gumi vakanga
vafa nomunondo, nezviuru
gumi zvavo pamunhu; hongu,
kunyange “vose vanhu vangu,
kunze kwavaye makumi maviri
namana vakanga vaneni, nava-
shoma vakanga vatizira kunyi-
ka dziri kuchamhembe, neavo
vashoma vakanga vaenda kuma-
Ramani, vakange vafa; nyama
yavo, mapfupa, neropa ravo
zvakanga zvakangoti kata-kata
nenyika, zvakasiwa namaoko
akavauraya kuti vamweuke vari
panyika, kuti vadzokere kuvhu-
ramai vavo.

16 Uye mweya wangu waka-
rwadziwa zvikuru pamusana,
pokuurawiwa kwavanhu vangu,
ndikachema:

17 Imi makanaka, ko makago-
bva sei munzira dzaIshel! Imi
makanaka, ko makagoramba se-
iko iye Jesu, akamira namaoko
akatambanudzwa kuti akuga-
muchirei!

18 Tarisai, dai musina kuita

izvi, mungadai musina kupu-
nzika. Asi tarisai, makapunzika,
uye ndinochemu pamusana po-
kurasikirwa nemi.

19 Imi makanaka vanakomana
navanasikana, imi vana baba
navana mai, imi varume nama-
dzimai, imi makanaka, ko zvino
makapunzika wani!

20 Asi tarisai, maenda, uye
kusuwa kwangu hakungaku-
dzorei.

21 Uye zuva richasvika zvino
kuti miviri yenyu inofa itore
isingafe, kuti miviri ino iyi iri
kuora “isaore; kuti ipapo muzo-
mira pachigaro chokutonga
chaKristu, kuti mugotongwa
maererano nemabasa enyu;
kuti kana muri vatsvene, ipapo
muchakomborerwa pamweche-
te nemadzibaba enyu ayo akae-
nda pamberi penyu.

22 Dai makanga makatendeu-
ka kuparadzwa kukuru uku
kusati kwauya kwamuri. Asi
tarisai, maenda, uye Baba, ho-
ngu, Baba Vokusingaperi voku-
denga, vanoziwa zvamuri; uye
vanoita kwamuri maererano
“nekururama kwavo ^bnetsitsi.

CHITSAUKO 7

*Mormoni anokoka maRamani
emazuva okupedzisira kuti vate-
nde muna Kristu, vagamuchire
vhangeri rake, vagoponeswa—
Avo vose vanotenda Bhaibheri
vanozotenda Bhuku raMormoni.
Zvingangove makore 385 shure
kwekunge Kristu azvarwa.*

15a Aruma 9:24.

21a I VaKori. 15:53–54.

22a NKM Yenzaniso.

b NKM Anetsitsi.

UYE zvino, tarisai, ndichataura kune zvimwe zvizvarwa zvavanhu ava izvo ^azvakasara; kana zvikaitika kuti Mwari vavape mazwi angu, kuti vagoziva nezvezvinhu zvamadzibaba avo; hongu, ndinotaura kwamuri, imi vechizvarwa cheimba ya-Israeleri; aya ndiwo mazwi andinotaura:

2 Zivai kuti muri ^aveimba ya-Israeleri.

3 Zivai kuti munofanira kuuya mutendeuke, kana kuti hamuzoponeswa.

4 Zivai kuti munofanira kuisa pasi zvombo zvenyu zvehondo, uye musazofara zvakare mukudeura ropa, musazozvitora zvakare, kunze kwokunge Mwari vakurairai.

5 Zivai kuti munofanira ^akuziva madzibaba enyu, mutendeuke kubva muzvivi zvenyu nokuipa kwenyu, uye ^bmutende muna Jesu Kristu, kuti ndiye Mwanakomana waMwari, uye kuti akauraiwa namaJuda, uye nesimba raBaba akamuka zvakare, nokudaro akawana ^ckukunda guva; uye maari kuruma kwerufu kuchamedzwa.

6 Uye anonunza ^akumutswa kwevakafa, kunoita kuti munhu agomutswa kuti amire pamberi pachigaro ^bchokutonga kwake.

7 Uye akaunza ^arununuro rwepasi, runoita kuti uyo anozonekwa ^basina mhosva pamberi pake nezuva rokutongwa ^cachazogara naMwari muumambo hwavo, kuti aimbe dzimbo dzisingaperi dzokumurumbidza ^dnavaimbi vokumusoro, kuna Baba, nokune Mwanakomana, nekune Mweya Mutsvene, zvinova Mwari ^emumwechete, ^fmukufara kusina magumo.

8 Nokudaro tendeukai, mu-bhabhatidzwe muzita rafesu, mugobatirira ^apavhangeri ra-Kristu, iro richaiswa pamberi penyu, kwete ^bmuchinyorwa chino chete asi muchinyorwa chichauya kumaJentairi ^ckubva kumaJuda, chiri icho chinyorwa chichabva kumaJentairi chichiuya ^dkwamuri.

9 Nokuti tarisai, ^aizvi zvakanyorwa kuitira kuti imi ^bmuzvitende; kana mukatenda izvozvo muchatenda izwiwo; uye kana muchinge matenda muchaziva zvakare nezvemadzibaba enyu, nemabasa anoshamisa zvikuru akaitwa nesimba ra-Mwari pakati pavo.

10 Uye muchaziva zve kuti muri zvizvarwa zvembeu ya-Jakobo; naizvozvo munoverengwa pamwechete navanhu vechibvumirano chokutanga; uye mukava munotenda muna-

7 1a Hir. 15:11–13.

2a Aruma 10:3.

5a 2 Ni. 3:12.

b NKM Daira; Rutendo.

c Isa. 25:8;

Mosaya 16:7–8.

6a NKM Kumuka

Kuvakafa.

b NKM Jesu Kristu—

Mutongi; Kutonga,
Kwekupedzisira.

7a NKM Akanunura.

b NKM Natsa.

c 1 Ni. 10:21;

D&Z 76:62; Mos. 6:57.

d Mosaya 2:28.

e D&Z 20:28.

NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

f NKM Rufaro.

8a NKM Vhangeri.

b NKM Bhaibheri.

c 2 Ni. 29:4–13.

d 1 Ni. 13:38.

9a NKM Bhuku

raMormoni.

b 1 Ni. 13:38–41.

Kristu, mukabhabhatidzwa, ke-
kutanga nemvura, kwozouya
moto noMweya Mutsvene, mu-
chiteedza “mufananidzo woMu-
ponesi wedu, maererano neizvo
akatituma, zvichazova zvicha-
kunakirai nezuva rokutongwa.
Ameni.

CHITSAUKO 8

*MaRamani anotsvaka nokupara-
dza maNifai—Bhuku raMormoni
richauya kuburikidza nesimba ra-
Mwari—Matambudziko kune avo
vanoshatirwa nekukanganisa basa
raMwari—Zvinyorwa zveMaNifai
zvichauya muzuva iro rokuipa,
kuderera murutendo netsika, ne-
kurasika. Zvingangove makore 400
kusvika ku421 shure kwekunge
Kristu azvarwa.*

TARISAI ini ^aMoronai, ndinope-
dzisa ^bchinyorwa chababa van-
gu, Mormoni. Tarisai, ndine
zvinhu zvishoma zvekunyora,
izvo zvinhu zvandakarairwa
nababa vangu.

2 Uye zvino zvakaitika kuti
shure kwekurwa ^akukuru kuno-
tyisa paKumora, tarisai, maNi-
fai ayo akanga atizira akananga
kuchamhembe akavhimwa ^bne-
maRamani, kusvika vose zvavo
vaparadzwa.

3 Uye baba vangu vakaurayi-
wawo, ini ndakasara ^andega
kuti ndinyore zvinhu zvinopisa
tsitsi zvekuparadzwa kweva-

nhu vangu. Asi tarisai, va-
kaenda, uye ndinozadzikisa
mirairo yababa vangu. Kana
vachandiurayawo, handizive.

4 Naizvozvo ndichanyora zvi-
nyorwa ndigozvicherera pasi;
kana dai ndikazoenda zvinenge
zvisinei.

5 Tarisai, baba vangu vakaita
chinyorwa “ichi, vakanyora
zvinangwa zvazvo. Uye tarisai,
ndainyora dai ndanga ndiine
nzvimbo ^bpamahwendefa, asi
handina; kana dare handina,
nokuti ndiri ndoga. Baba vangu
vakauraiwa muhondo, nehama
dzangu dzose, zvino handina
shamwari kana kwokuenda;
uye kuti Ishe vachabvuma kuti
ini ndirarambe kwenguva yaka-
dii handizive.

6 Tarisai, makore ^amazana
mana apfuura kubvira kuuya
kwaIshe Muponesi vedu.

7 Uye tarisai, maRamani aka-
vhima vanhu vangu, maNifai,
guta neguta, nzvimbo nenzvi-
mbo, kusvikira kuisina; ^aku-
punzika kwavo kukuru; hongu,
kuparadzwa kukuru uye kuno-
shamisa kwakaitika kuvanhu
vangu, maNifai.

8 Uye tarisai, ruoko rwaIshe
rwakazviita. Uye tarisai zve,
maRamani ^apahondo pachawo;
nyika yose yangova neumhondi
nokudeuka kweropa; uye hapa-
na anoziva kupera kwehondo.

9 Uye zvino, tarisai, handicha-
taura zvimwe pamusana pavo,

10a 2 Ni. 31:5-9.

8 1a NKM Moronai,
Mwanakomana
waMormoni.

b NKM Mahwendefa.

2a Morm. 6:2-15.

b D&Z 3:18.

3a Moro. 9:22.

5a Morm. 2:17-18.

b Morm. 6:6.

6a Aruma 45:10.

7a 1 Ni. 12:2-3.

8a 1 Ni. 12:20-23.

nokuti hakuna mumwe akapona kunze kwamaRamani “nama-kororo avo vachiri kurarama panyika.

10 Uye hapana kana mumwe anoziva Mwari vechokwadi kunze “kwevadzidzi vajesu, avo vakagara munyika kusvikira pava nokuipa kukuru kuti Ishe havana kuzoita kuti ^bvarambe vari pakati pevanhu; uye kana kuti vachiri pano pasi hakuna munhu anoziva.

11 Asi tarisai, “baba vangu pamwe neni takavaona, uye vakaparidza kwatiri.

12 Uye ani zvake anogamuchira zvinyorwa izvi, asingazozvishora nokuda kwezvinhu zvakakanganiswa zviru mazviri, iyeye achaziva zvinhu “zviku kupfuura izvozwi. Tarisai, ndini Moronai; uye dai zvaibvira, nda-iiita kuti muzive zvinhu zvose.

13 Tarisai, ndinopedzisa kutaura maererano nevanhu ava. Ndiri mwanakomana waMormoni, baba vangu vakanga vari “chizvarwa chaNifai.

14 Uye ndini mumwecheteyo “akaviga zvinyorwa izvi kuna Ishe; mahwendefa aya haakoshi, nokuda kwomurairo waIshe. Nokuti zvechokwadi akati hakuna munhu anozova nawo kuti awane ^bupfumi; asi kuti zvinyorwa izvi zvinhu zvinokosha zviku, uye achazoviuza

pachena, iyeye Ishe achamukomborera.

15 Nokuti hakuna kana mumwe ane simba rokuzviunza pachiedza kunze kwokunge ari-pihwa naMwari; nokuti Mwari vanoda kuti zviitwe “neziso rakatarisa pakubwinya kwavo chete, kana magariro akanaka evanhu vaMwari avo vechipikirwa vakare vagara vapararira kubvira kare.

16 Uye akakomborerwa “uyo achaunza zvinhu izvi pachiedza; nokuti ^bzvichaunzwa kubva kurima kuuya muchiedza, maererano neshoko raMwari; hongu, zvichaunzwa kubva muvhu, uye zvichavhenekera mune rima, zvigozivikanwa nevanhu; uye zvichaita kuburikidza nesimba raMwari.

17 Uye kana pane “zvakananganiswa kukanganisa kwomunhu. Asi tarisai, hatizivi chakananganiswa; zvisinei Mwari vanoziva zvinhu zvose; naizvo-zvo, uyo ^banoshora, ngaave anogara akaziva kuti kuchave nenjodzi yemoto wegehena.

18 Uye uyo anoti: Ndiratidzei ini, kana kuti ucharohwa — muchenjere rei kuti angangoitisa vanhu izvo zvakarambidzwa naIshe.

19 Nokuti tarisai, uyo anokurumidza “kutonga naiye achakurumidza kutongwawo,

9a Morm. 2:8.

10a 3 Ni. 28:7;

Eta 12:17.

nkM Vadzidzi Vatatu vechiNifai.

^b Morm. 1:16.

11a 3 Ni. 28:24–26.

12a 3 Ni. 26:6–11.

13a 3 Ni. 5:20.

14a Moro. 10:1–2.

^b Nh—JS 1:46.

15a D&Z 4:5.

16a 2 Ni. 3:6–7, 11,

13–14.

^b Isa. 29:18; 2 Ni. 27:29.

17a Morm. 9:31, 33;

Eta 12:23–28.

^b 3 Ni. 29:5; Eta 4:8.

19a dJS, Mat. 7:1–2;

3 Ni. 14:1–2;

Moro. 7:14.

mubairo wake uchaenzanirana namabasa ake; naizvozvo, uyo anorova achazorohwawo, naIshe.

20 Tarisai zvinotaurwa nemagwaro—munhu haazorovi, kana kutonga; nokuti kutonga ndokwangu, Ishe vanodaro, nokutsva ndokwangu zvakare, uye ndicharipira ini.

21 Uye uyo achafema kutsamwa nokuita nharo nebasa raIshe, nokupikisa vanhu vechibvumirano vaIshe avo vemba yaIsraeri, uye achiti: Tichaparadza basa raIshe, uye Ishe havacharangarira chibvumirano chavakaita kune vemba yaIsraeri—iye ari munjodzi yokute-mwa nokukandwa mumoto.

22 Nokuti ^achinangwa chaIshe chokusingaperi chichaenderera mberi, kusvikira zvivimbiso zvavo zvose zvazadzikiswa.

23 Nzverai huporofita ^ahwa-Isaya. Tarisai, handikwanise kuzvinyora. Hongu, tarisai ndinoti kwamuri, vatendi vakatungamira mberi kwangu, avo vakambogara munyika ino, ^bvachachema, hongu, kunyange kubva muguruva vachachema kuna Ishe; uye Ishe vachirarama vacharangarira chibvumirano chavakaita navo.

24 Uye vanoziva ^aminamoto yavo, kuti vakanga vachinamaitira hama dzavo. Uye vanoziva

kutenda kwavo, nokuti muzitaravo vaisimudza ^bmakomo; nomuzita ravo vaiita kuti nyika indengendeke; zve nesimba reshoko ravo vaiita kuti ^cmatorongoro akoromoke; hongu, kunyange moto muzhinji hawai-vapisa, kana mhuka dzesango, kunyange nyoka dzine uturu hadzaivakwanisa nenzira yesimba reshoko ravo.

25 Uye tarisai, ^aminamoto yavo yakanga yakamirira iye kuti Ishe vagobvumira kuti zvinhu izvi zviuye.

26 Uye hakuna anofanira kuti hazviuye, nokuti zvechokwadi zvichauya, nokuti Ishe vakazvita-ura; nokuti ^akubva pasi zvichauya, noruoko rwaIshe, hakuna achazvirambidza; uye zvichauya pazuva iro richanzi ^bzvishamiso zvabviswa; zvichauya kunyange munhu achataura ^ckubva mukufa.

27 Uye zvichauya pazuva iro ^aropa revatendi richachema kuna Ishe, nokuda ^bkwezvikwata zvemuruvande nemabasa erima.

28 Hongu, zvichauya pazuva iro simba raMwari richarambwa, ^achechi dzichasvibiswa nokusimudzira kuzvikudza mumwoyo yavo; hongu, kunyange pazuva iro vatungamiri vechechi nevadzidzisi vachasimuka mukuzvikudza mumwoyo yavo,

22a D&Z 3:3.

23a 3 Ni. 20:11; 23:1.

^b Isa. 29:4;

2 Ni. 3:19–20; 26:16.

24a Eno. 1:12–18;

Morm. 9:36;

D&Z 10:46.

^b Jak. 4:6; Hir. 10:9.

^c Aruma 14:27–29.

25a Morm. 5:21.

26a Isa. 29:4; 2 Ni. 33:13.

^b Morm. 9:15–26;

Moro. 7:27–29, 33–37.

^c 2 Ni. 26:15–16;

Morm. 9:30;

Moro. 10:27.

27a Eta 8:22–24;

D&Z 87:6–7.

^b NKM Huranganwa hwemuruvande.

28a II Tim. 3:1–7;

1 Ni. 14:9–10;

2 Ni. 28:3–32;

D&Z 33:4.

kunyange nokuchiva vechechi avo.

29 Hongu, zvichauya pazuva iro “kuchanzwika nezvemoto, ^bnemadutu emhepo, nokunhuhwa kwemoto munyika dzevamwe;

30 Uye kuchanzwikawo “hondo, runyerekupe rwehondo, nokundengendeka kwenzvimbo dzakasiyana-siyana.

31 Hongu, zvichauya pazuva iro kuchave nokusvibiswa kukuru kwenyika; kuchave nokupondana, nokupamba, nokunyepa, nokunyengedza, nopombwe nokumwe kutadza kwose kwakaipisisa; apo kuchave nevazhinji vachati, Ita izvi, kana ita izvo, hazvina “mhosva, nokuti Ishe ^bvachazvitunha pazuva rokupedzisira. Asi vane nhamo ivavo, nokuti vari ^cmugomba remarwadzo nokusungwa muzvakaipa.

32 Hongu, zvichauya pazuva iro panenge pane kereke dzinenge dzavakwa idzo dzichati: Uyai kwandiri, nokuda kwemari yenyu zvivi zvenyu zvicharegererwa.

33 Imi vanhu vakaipisisa nevanhu vasinganzwisise, ko makavakirei chechi kuti mugowana “upfumi? Ko sei ^bmakashandura mazwi matsvene aMwari, kuti muunze ^ckuraswa pamweya yenyu? Tarisai, tarisai pane zvakazarurwa zvaMwari;

nokuti tarisai, nguva ichasvika pazuva iroro apo zvinhu zvose izvi pazvichazadzikiswa.

34 Tarisai, Ishe vakandiratidza zvinhu zvikuru zvinoshamisa maererano neizvo zviri pedyo kuuya, pazuva iro zvinhu zvose izvi zvichauya kwamuri,

35 Tarisai, ndinotaura kwamuri semuripo, asi hamupo. Asi tarisai, Jesu Kristu akuratidzai kwandiri, uye ndinoziva kuita kwenyu.

36 Uye ndinoziva kuti “munofamba mukuzvikudza kwe-mwoyo yenyu; hakuna mumwe kunze kwevashoma avo ^bvasingazvisimudzire pakuzvikudza mumwoyo yavo, mukupfeka nguwo dzakanaka ^cchaizvo, nomukuchiva, nokunetsana, nokushora, nokuvengana nokumwe kuipa kwose; uye chechi dzenyu, hongu, ose zvawo, asvibiswa pamusana pekuzvikudza kwemwoyo yenyu.

37 Nokuti tarisai, munoda “mari, nezvamuinazvo, nenguwo dzenyu dzakanaka, nokushongedza makereke enyu, kupfura kuda kwamunoita varombo nevanoshaya, varwere nevanotambudzika.

38 Imi tsvina, imi vanyengedzi, imi vadzidzisi, munozvitengesana nokuda kwezvinoora, seiko masvibisa chechi tsvene yaMwari? Seiko “muchinyara kutakura

29a Joere 2:28–32;
2 Ni. 27:2–3.

b 1 Ni. 19:11;
D&Z 45:39–42.

30a Mat. 24:6;
1 Ni. 14:15–17.

31a 2 Ni. 28:21–22.

b 2 Ni. 28:8.

c Aruma 41:11.

33a NKM Unyengeri
hwehupirisita.

b 1 Ni. 13:26–29.

c NKM Kuraswa.

36a NKM Famba, Famba

naMwari.

b Jak. 2:13.

c Aruma 5:53.

37a 2 Ni. 28:9–16.

38a VaR. 1:16; II Tim. 1:8;

1 Ni. 8:25–28;

Aruma 46:21.

zita raKristu? Seiko musingafunge kuti kufara kusingapere kukuru pane ^bkusuwa kusina magumo—nokuda ‘kukudzwa kwenyika?

39 Seiko muchizvishongedza nezvisina upenyu, asi muchibvumira kuti vane nzara, nevashaya, nevasina kupfeka, nevanorwara nevakaremara vapfuure nepamuri, musingavatarise?

40 Hongu, sei muchivaka kuipa kwenyu “kwemuchivande kuti muwane, muchiita kuti shirikadzi dzicheme kuna Ishe, uye nenherera kuti dzicheme pamberi paIshe, uye zvakare neropa remadzibaba avo nevarume vavo kuti richeme kuna Ishe kubva pasi, kuti vakutsividzei?

41 Tarisai, munondo wokutsividza wakarembera pamusoro penyu; uye nguva iri pedyo kusvika “yokutsividza ropa revatendi pamusoro penyu, nokuti haachada kunzwa kuchema kwavo.

CHITSAUKO 9

Moronai anoshevedza vasingatendi muna Kristu kuti vatendeuke—Anotaura pamusana paMwari vezvishamiso, vanozarurira nokudurura zvipo nezviratidzo kune avo vakatendeseka—Zvishamiso zvinomira nokusatenda—Zviratidzo zvinotevera avo vanotenda—

Vanhu vanokurudzirwa kuti vave nOUNGWARU uye vACHENGETE mirairo. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino, ndinotaura zve maererano neavo vasingatendi muna Kristu.

2 Tarisai, muchatenda here pazuva renyu rekurangwa—tarisai, apo Ishe pavachauya, hongu, kunyangwe pazuva “guru iro ^bnyika ichapetwa serukukwe, zvinhu zvose ‘zvichanyungudika nokupisa kukuru, hongu, pazuva iroro guru ramuchauzwa kuzomira pamberi peGwayana raMwari—zvino muchati here hakuna Mwari?

3 Zvino muchazoenderera mberi muchiramba Kristu here, kana kuti mungaone Gwayana raMwari? Munofunga kuti muchagara naye here muchiziva mhosva yenyu? Munofunga here kuti mungafarire kugara noMunhu mutsvene iyeyo, iyo mweya yenyu ichiziva mhosva yenyu yekuti maigarotyora mitemo yake?

4 Tarisai, ndinoti kwamuri muchazova munosuwa zvikuru kuti mugare naMwari vatsvене avo vakarurama, muchiziva kusviba kwenyu pamberi pavo, mungatoda kuti mugare nemweya “yakaraswa ^bmugehena.

5 Nokuti tarisai, pamuchauzwa kuti muone “kusasimira

38b Mosaya 3:25.

c 1 Ni. 13:9.

40a nKM Huranganwa hwemuruvande.

41a 1 Ni. 22:14.

9 2a Mara. 4:5;

3 Ni. 28:31.

b Morm. 5:23;

D&Z 63:20–21.

nKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

c Amosi 9:13; 3 Ni. 26:3.

4a nKM Kuraswa.

b nKM Gehena.

5a 2 Ni. 9:14.

kwenyu pamberi paMwari, uye zvakare noukuru hwaMwari, noutsvene hwaJesu Kristu, zvi-chamutsa rimi remoto risinga-dzimurike pamuri.

6 Zvino imi “musingatendi, ^btendeukirai kuna Ishe; chemai zvikuru kuna Baba muzita raJesu, kuti zvimwe mungaonekwe musina kana vara, ‘maka-chena, makarurama, masha-mbidzwa neropa “reGwayana, nezuya guru iroto rokupe-dzisira.

7 Uye zvakare ndinotaura kwamuri imi “munoramba zva-kazarurwa zvaMwari, muchiti zvakapera, uye muchiti hapana zvakazarurwa, kana huporofita, kana zvipo, kana kuporesa, kana kutaura nendimi, ^bnokududzirwa kwendimi.

8 Tarisai ndinoti kwamuri, uyo anoramba zvinhu izvi haazive “vhangeri raKristu; hongu, haana kuverenga magwaro; kana zvakadaro, ^bhaanzwisisi.

9 Nokuti hativerenge here kuti Mwari ndivo “vamwechetevo nezuro, nhasi, nokusingaperi, uye mavari hamuna kana kaku-shanduka kana mumvuri weku-shanduka?

10 Uye zvino, kana muchifungidzira pachenyu mwari anoshanduka, anova asiri munhu anoramba ari zvaari, zvino

mazvifungidzira mwari asiri Mwari wezvishamiso.

11 Asi tarisai, ndichakurati-dzai Mwari vezvishamiso, kana Mwari vaAbrahamana, naMwari vaIsaka, naMwari vaJakobo; uye anova ndivo “Mwari vamwechete ivavo vakasika denga nyenika, nezvinhu zvose zviri mazviri.

12 Tarisai, vakasika Adama, nenzira “yaAdama kukauya ^bkupunzika kwevanhu. Nokuda kwekupunzika kwevanhu kwakauya Jesu Kristu, Baba neMwanakomana; uye nokuda kwaJesu Kristu kwakauya ‘rununuro rwavanhu.

13 Uye nokuda kwerununuro rwavanhu, urwoo rwakauya naJesu Kristu, vanounzwa zvakare pamberi paIshe; hongu, iyi ndiyo nzira yokuti vanhu vose varegererwe, nokuti rufu rwa-Kristu rwounzwa “kumutswa kwevakafa, kunounzwa rununuro kubva ^bmuhope dzisingaperi, munhu wose achamutswa kubva pakurara ikoku nesimba raMwari hwamanda paicharira; vachabuda, vose vaduku nava-kuru, vose vachamira pamberi pechigaro chavo chokutonga, vadzikinurwa nokusunungurwa kubva ‘mungetani dzokusingaperi dzerufu, rwunova rufu rwenyama.

6a NKM Kusadaira.

b Ezk. 18:23, 32;

D&Z 98:47.

c NKM Chakachena.

d NKM Gwayana raMwari.

7a 3 Ni. 29:6–7.

b I VaKori. 12:7–10;

Mis. yeCh. 1:7.

8a NKM Vhangeri.

b Mat. 22:29.

9a VaH. 13:8;

1 Ni. 10:18–19;

Aruma 7:20;

Moro. 8:18;

D&Z 20:12.

11a Gen. 1:1;

Mosaya 4:2;

D&Z 76:20–24.

NKM Jesu Kristu.

12a Mosaya 3:26.

b NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

c NKM Akanunura.

13a Hir. 14:15–18.

b D&Z 43:18.

c D&Z 138:16.

14 Uye kwozouya “kutonga kweUyo Mutsvene pavari; kwozouya nguva yokuti uyo ane ^btsvina acharamba aine tsvina; uyo mutsvene acharamba ari mutsvene; uyo anofara acharamba achifara; uye uyo akasuwa acharamba akasuwa.

15 Uye zvino, imi mose mazvifungira mwari uyo “asingakwanise kuita zvishamiso, ndinokubvunzai imi, zvinhu zvose izvi zvati zvaitika here, zvanda- taura nezvazvo? Magumo ati asvika here? Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; uye Mwari havana kurega kuva Mwari vezvishamiso.

16 Tarisai, hazvishamise here mumaziso medu zvinhu zvakaitwa naMwari? Hongu, ko ndiani anokwanisa kunzwisisa “mabasa aMwari anoshamisa?

17 Ndiani ahati changa chisiri chishamiso kuti “neizwi ravo denga nyenika zvakavepo; uye nesimba rezwi ravo munhu ^bakasi kwa kubva ‘paguruva renyika; uye nesimba reshoko ravo zvishamiso zvakaitwa?

18 Uye ndiani ahati Jesu Kristu haana kuita “zvishamiso zvikuru zvakawanda? Uye kwakave kune zvishamiso zvakawanda zvakaitwa namaoko evaapositori.

19 Uye kana kwaive “nezvishamiso zvakaitwa ipapo, ko zvino sei Mwari varega kuva Mwari vezvishamiso asi ivo vari Munhu asingashanduki? Uye tarisai, ndinoti kwamuri havashanduke kwete; kana zvakadaro varega kuva Mwari; asi havana kurega kuva Mwari, uye ndiMwari vezvishamiso.

20 Uye chikonzero chaakaregerera kuita “zvishamiso mukati mevana vavanhu ndechokuti vanoderera mukusatenda, vachibva munzira kwayo, uye havazive Mwari vavanofanirwa ^bkuvimba naye.

21 Tarisai, ndinoti kwamuri uyo wose anotenda muna Kristu, asina kupokana, “chose chaachakumbira kuna Baba muzita raKristu chichapiwa kwaari; vimbiso iyi iri kune vose, kusvika kumagumo enyika.

22 Nokuti tarisai, izvi ndizvo zvikataurwa naJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, kuvadzidzi vake avo vasisafe, hongu, uye zvakare kuvadzidzi vake vose, zvichinzwikwa negungano: “Endai munyika dzose, muparidze vhangeri kune zvisikwa zvose;

23 Uye uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa, asi uyo asingatendi “acharaswa.

14a NKM Kutonga,
Kwekapedzisira.
b Aruma 7:21;
D&Z 88:35.

15a Moro. 7:35–37;
D&Z 35:8.
NKM Chishamiso.

16a Mpi. 40:5;
D&Z 76:114;

Mos. 1:3–5.
17a Jak. 4:9.
b NKM Sika.
c Gen. 2:7;
Mosaya 2:25.

18a Joh. 6:14.
19a D&Z 63:7–10.
20a Vat. 6:11–13;
Eta 12:12–18;

Moro. 7:35–37.
b NKM Vimba.
21a Mat. 21:22;
3 Ni. 18:20.
22a Marko 16:15–16.
NKM Basa
reKushumira.
23a NKM Kuraswa.

24 Uye “zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda—muzita rangu vachaburitsa ana ^bdhibhorosi; vachataura nendimi itsva; vachasimudza nyoka; zve vakanwa zvinhu zvinouraya hazvizovakuvadzi; vachaisa ‘maoko pamusoro pevanorwara vachipona.

25 Uye uyo wose aчатenda muzita rangu, asingapokane, “ndichazadzisa mazwi angu ose kwaari, kana kusvika kumagumo enyika.

26 Uye zvino, tarisai, ndiani angapikisane namabasa aIshe? “Ndiani angarambe mashoko ake? Ndiani achamukira simba guru raIshe? Ndiani achashora mabasa aIshe? Ndiani achashora vana vaKristu? Tarisai, imi mose munova ^bvashori mabasa aIshe, muchashamiswa mukafa.

27 Zvino musashore, musashamiswe, asi teerera kumazwi aIshe, mukumbire Baba muzita raJesu zvinhu zvose zvamunenge muchida. Musakahadzike, asi ivai munotenda, mutangise semumazuva akare, “muuye kuna Ishe ^bnemwoyo yenyu yose, ‘mushandire ruponeso rwenyu nokutya nokudedera pamberi pavo.

28 Ivai “makachenjera muma-

zuva enyu ekuedzwa; zvbivisei tsvina yose; musakumbire, kuti muzozviparadza ^bnhafu yenyu, asi kumbirai makashinga, kuti musakurirwe nezviedzo zvose, kuti muve munoshandira Mwari ‘vapenyu vechokwadi.

29 Muone kuti hamuna kubhabhatidzwa “musingakodzeri; muone kuti hamutore sakaramende yaKristu ^bmusingakodzeri; asi onai kuti munoita zvinhu ‘mukukodzera, muchiva munozviita muzita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu; kana mukaita izvi, mukashingirira kusvika kumagumo, hamuzomborasirwa kunze.

30 Tarisai, ndinotaura kwamuri ndichiita kunge ndiri “kutaura ndiri kuvakafa, nokuti ndinoziva kuti muchava nemazwi angu.

31 Musandishore nokuda “kwokusarurama kwangu, kana baba vangu, nokuda kwokusarurama kwavo, kana avo vakanyora shure kwavo; asi kuti tendai kuna Mwari kuti vakakuratidzai kusarurama kwedu, kuti muve munodzidza uchenjeri hwakapfuura zvatange takaita.

32 Uye zvino, tarisai, tanyora chinyorwa ichi maererano noruzivo rwedu, nemavara atinoshedza kuti mavara “matsva echiEgipita, atakatambidzwa

24a Marko 16:17–18.
NKM Chiratidzo.
b Mabasa 16:16–18.
c NKM Kuropafadza vanowara.
25a NKM Zvakazarurwa; Uchapupu.
26a 3 Ni. 29:4–7.
b Zir. 13:13.
27a Moro. 10:30–32.

b Josh. 22:5;
D&Z 64:22, 34.
NKM Mwoyo.
c VaF. 2:12.
28a Jak. 6:12.
b NKM Ruchiva.
c Aruma 5:13.
29a NKM Bhabhatidza—
Kodzero
yerubhabhatidzo.

b I VaKori. 11:27–30;
3 Ni. 18:28–32.
c NKM Anechiremera.
30a Morm. 8:26;
Moro. 10:27.
31a Morm. 8:17;
Eta 12:22–28, 35.
32a 1 Ni. 1:2;
Mosaya 1:4.

nekushandura, maererano nomutauro wedu.

33 Uye dai mahwendefa edu akange ari mahombe zvakakodzera tingadai takanyora muchiHeberu; asi chiHeberu chakapindurwa zvakare nesu; dai takakwanisa kunyora muchiHeberu, tarisai, mungadai musina kuwana chakakangani-swa muzvinyorwa zvedu.

34 Asi Ishe vanoziva zvinhu zvatanyora, uye kuti hakuna vamwe vanhu vanoziva mutauro wedu, zve nekuti hakuna vamwe vanoziva mutauro wedu, nokudaro agadzira “nzira zdekududzirwa kwazvo.

35 Uye zvinhu izvi zvakanyo-

rwa kuti tibvise pambatya dzedu ropa rehama dzedu, vaderera “mukusatenda.

36 Uye tarisai, zvinhu izvi “zvatakada maererano nezvehama dzedu, hongu, nezvekudzorerwa kwavo mukuziva Kristu, zviru maererano neminamoto yavatendi vose avo vakagara munyika ino.

37 Uye Ishe Jesu Kristu ngaave anoita kuti minamoto yavo ive inopindurwa maererano nokutenda kwavo; uye Mwari Baba ngavarangarire chibvumirano icho chavakaita neveimba ya-Israeli; vave vanovakomborera nokusingaperi, nokutenda nezita raJesu Kristu. Amen.

BHUKU RAETA

Zvinyorwa zvemaJaredhi, zvakatorwa pamahwendefa makumi maviri nemana akawanikwa nevanhu vaRimuhai mumazuva amambo Mosaya.

CHITSAUKO 1

Moronai anopfupikisa zvinyorwa zvaEta—Nhorohondo yekuberekwa kwaEta inoitwa—Mutauro wemaJaredhi hauvhiringidzwe paShongwe yeBaberi—Ishe vanovavimbisa kuvatungamirira kunyika yakanaka nekuvaita rudzi rwukuru.

UYE zvino ini “Moronai, ndinoda kuti ndipe rungano

rweavo vagari vepasi chigare vakaparadzwa ^bneruoko rwa-Ishe kubva pamusoro penyika iyi yekuchamhembe.

2 Uye ini ndinotora rungano rwangu kubva pamahwendefa “makumi maviri ane mana akawanikwa nevanhu vaRimuhai, anonzi Bhuku raEta.

3 Uye sezvandinofungidzira kuti chidimu chekutanga chezvinyorwa izvi, chinotaura

34a Mosaya 8:13–18;

Eta 3:23, 28;

D&Z 17:1.

35a 2 Ni. 26:15.

36a Morm. 8:24–26;

D&Z 10:46–49.

[ETA]

1 1a NKM Moronai,

Mwanakomana

waMormoni.

^b Morm. 5:23;

D&Z 87:6–7.

2a Aruma 37:21;

Eta 15:33.

pamusoro pekusikwa kwenyika, naAdamawo, nenhoroonowoo yekubva panguva iyoyo kana kusvika kunguva yepa “shongwe huru, nechose chinhu chakaitika kuvana vevanhu kubvira panguva iyoyo, chiri kumaJuda—
4 Naizvozvo handinyore zvinhu zvakaitika kubvira mumazuva “aAdama kusvika nguva iyoyo; asi zviripamahwendefa; uye ani zvake anozviwana, iye ye achawana simba rekuwana rungano rwose rwuzere.

5 Asi tarisai, handizi kupa rungano rwose, asi chidimu cherungano ndicho chandiri kupa, kubvira panguva yepa-shongwe kusvika panguva yavakaparadzwa.

6 Uye muneizvozvi ndimo mandichapa rungano. Uyo akanyora zvinyorwa izvi “ndiEta, uye akanga ari chizvarwa chaKoriando.

7 Koriando aive mwanakomana waMoroni.

8 Uye Moroni aive mwanakomana waEtemu.

9 Uye Etemu aive mwanakomana waAhaha.

10 Uye Ahaha aive mwanakomana waSeti.

11 Uye Seti aive mwanakomana waShibhuroni.

12 Uye Shibhuroni aive mwanakomana waKomu.

13 Uye Komu aive mwanakomana waKoriandumu.

14 Uye Koriandumu aiva mwanakomana waAmunigadha.

15 Uye Amunigadha aive mwanakomana waAroni.

16 Uye Aroni aive wechizvarwa chaHetu, aive mwanakomana waHaritomu.

17 Uye Haritomu aive mwanakomana waRibhi.

18 Uye Ribhi aive mwanakomana waKishi.

19 Uye Kishi aive mwanakomana waKoromu.

20 Uye Koromu aive mwanakomana waRevhi.

21 Uye Revhi aive mwanakomana waKimu.

22 Uye Kimu aive mwanakomana waMoriandoni.

23 Uye Moriandoni aive wechizvarwa chaRipurakishi.

24 Uye Ripurakishi aive mwanakomana waShezi.

25 Uye Shezi aive mwanakomana waHetu.

26 Uye Hetu aive mwanakomana waKomu.

27 Uye Komu aive, mwanakomana waKoriandumu.

28 Uye Koriandumu aiva mwanakomana waEma.

29 Uye Ema aive mwanakomana waOma.

30 Uye Oma aive mwanakomana waShuru.

31 Uye Shuru aive mwanakomana waKibhu.

32 Uye Kibhu aive mwanakomana waOraiha, aive mwanakomana waJaredhi;

33 Ari “Jaredhi uya akauya nemukoma wake nemhuri dzavo, nevamwe vaive nemhuri

3a Omu. 1:22;
Mosaya 28:17;
Hir. 6:28.

4a NEMAMWE MAZWI

zvichisanganisira
nguva imwecheteyo
saGenesi zvitsauko
1–10.

6a Eta 12:2; 15:34.
33a NKM Jaredhi.

dzavowo, vachibva pashongwe huru, panguva Ishe ^byavakavhiringa mutauro wevanhu, uye vakapika mukushatirwa kuti vachaparadzirwa ‘pamusoro penyika yose; uye maererano neshoko raIshe vanhu vakapararira.

34 Uye “mukoma waJaredhi ari munhu mukuru ane muviri mukuru uye ari murume akanga adiwa kwazvo naIshe, Jaredhi, mukoma wake, akati kwaari; Chemera kuna Ishe, kuti asativhiringe kuti titadze kunzwa mazwi edu.

35 Uye zvakaitika kuti mukoma waJaredhi akachema kuna Ishe, uye Ishe vakanzwira tsitsi Jaredhi; naizvozvo havana kuvhiringidza mutauro waJaredhi; uye Jaredhi nemukoma wake havana kuvhiringwa.

36 Zvino Jaredhi akati kumukoma wake: Chema zvakare kuna Ishe, uye zvimwe vangabvise hashu dzavo kune shamwari dzedu, kuti vasavhiringe mutauro wavo.

37 Uye zvakaitika kuti mukoma waJaredhi akachema kuna Ishe, uye Ishe vakave netsitsi kushamwari dzavo nemhuri dzavowo, zvekuti havana kuvhiringidzwa.

38 Uye zvakaitika kuti Jaredhi akataura zvakare kumukoma wake, achiti: Enda unobvunza Ishe kuti vachatibvisa munyika here, uye kana vachitibvisa

munyika, chema kwavari kuti tinoenda kupi. Uye ndiani anoziva kuti Ishe vanotitakura vakanotiisa munyika “yakanaka zvikuru kukunda dzimwe dzose? Uye kana zvakadaro, ngativei nerutendo muna Ishe, kuti tigoitambira senhaka yedu.

39 Uye zvakaitika kuti mukoma waJaredhi akachema kuna Ishe maererano neizvo zvakangwa zvataurwa nemuromo waJaredhi.

40 Uye zvakaitika, kuti Ishe vakanzwa mukoma waJaredhi, uye vakamunzwira tsitsi, uye vakati kwaari:

41 Enda unounganidza pamwechete matanga ako, dzose hadzi nehono, dzendudzi dzose; nembeu yemuvhu yemarudzi ose; “nemhuri dzako; naJaredhi munin’ina wako nemhuri yake; ^bneshamwari dzakowo nemhuri dzavo, neshamwari dzaJaredhi nemhuri dzavo.

42 Uye kana waita izvi “uchienda uri pamberi pavo modzika kunhika yechekuchamhembe. Uye ikoko ndichasangana newe, uye ndichaenda ndiri ^bmberi kwenyu kunyika ‘yakanaka kupfuura dzose nyika dzepasi.

43 Uye ikoko ndichakuropafadza nembeu yako, uye wondikudzira mbeu yako, nembeu yemunin’ina wako, neavo vachienda newe, rudzi rwukuru. Uye hakuna rumwe rwuchakura kupfuura rudzi rwandichakudza

33b Gen. 11:6-9.
c Mosaya 28:17.
34a NKM Jaredhi,
Mukoma wa.

38a NKM Nyika
yeChipikirwa.
41a Eta 6:20.
b Eta 6:16.

42a 1 Ni. 2:1-2;
Abr. 2:3.
b D&Z 84:88.
c 1 Ni. 13:30.

kwandiri nembeu yako, pamusoro penyika pose. Uye ndizvo zvandichaita kwauri pamusana pekuti wachema kwandiri kwenguva refu iyi.

CHITSAUKO 2

MaJaredhi anogadzirira rwendo rwekuenda kunyika yechipikirwa—Inyika yakanaka zvekuti wose munhu arimo akafanira kushandira Kristu kana kubviswamo—Ishe vanotaura nemukoma waJaredhi kwemaawa anokwana matatu—MaJaredhi vanovaka magwa—Ishe vanobvunza mukoma waJaredhi kuti ataure kuti magwa achaiswa mwenje sei.

UYE zvakaitika kuti Jaredhi nemukoma wake, nemhuri dzavo, neshamwari dzaJaredhi nedzemukoma wake nemhuri dzavo, vakaenda munhika yaive nechekuchamhembe, (uye zita renhika iyi yainzi “Nimirodi, ichinge ichidaidzwa nezita renyanzvi iya yekuvhima) nematanga avo avakanga vaunganidza, hono nehadzi, dzendudzi dzose.

2 Uye vakateyawo ugombe uye vakabata shiri dzemumhepo; uye vakagadzirawo igwa, mavakabatawo hove dzemumvura.

3 Uye vakatakurawo chimwe chinonzi dhezereti, kana izwi iri radudzirwa, rinoreva nyuchi; uye saka vakatakura mikuze

nyenyuchi, nezvimwe zvose zvaiye pamusoro penyika, mbeu dzemarudzi ose.

4 Uye zvakaitika kuti pavakasvika munhika yeNimirodi Ishe vakadzika vakazotaura nemukoma waJaredhi; uye vakanga ari “mugore, uye mukoma waJaredhi haana kuvaona.

5 Uye zvakaitika kuti Ishe vakavaudza kuti vaende murenje, hongu, kudivi kusina kumbenge kwakasvikwa nemunhu. Uye zvakaitika kuti Ishe vakaenda mberi kwavo, uye vakataura navo vamire mukati “megore, uye vachivaudza pekufamba napo.

6 Uye zvakaitika kuti vakafamba murenje, uye vakavaka magwa, avaiyambukisa nawo hova zhinji kwazvo, vari vairatidzwa nguva dzose zvekuita neruoko rwaIshe.

7 Uye Ishe havana kubvuma kuti vamire varimhiri kwegungwa murenje, asi vakada kuti vauye kudakara kusvika “munyika yechipikirwa, yakanga yakanaka kupfuura dzimwe nyika dzose, yakanga yakachengeterwa vakarurama naIshe Mwari.

8 Uye vakanga vapika mukushatirwa kwavo kune mukoma waJaredhi, kuti ani zvake anotora nyika iyi yechipikirwa, kubvira nguva iyoyo uye nariini, akafanira “kuvashandira ivo, Mwari vechokwadi vega, kana kuti ^bvairotsvairwa kana

2 1a Gen. 10:8.
4a Num. 11:25;
D&Z 34:7-9;
Nh—JS 1:68.

5a Eks. 13:21-22.
7a 1 Ni. 4:14.
NKM Nyika
yeChipikirwa.

8a Eta 13:2.
b Jar. 1:3, 10;
Aruma 37:28;
Eta 9:20.

kushatirwa kwavo kuzere kwa-
uya pavari.

9 Uye zvino, tinogona kuwana
mirau yaMwari nezvenyika ino,
kuti inyika yechipikirwa; uye
rudzi rwupi zvarwo rwuchai-
tora rwakafanira kushandira
Mwari, kana vakasadaro, vano-
kukurwa kana hasha dzavo
dzizere dzauya pavari vaibva
mukuipa.

10 Nokuti tarisai, iyi inyika
yakanaka kupfuura dzose dzi-
mwe nyika; nokudaro wose
achaiwana anofanira kushandira
Mwari kana asina anokukurwa;
nokuti murau usingaperi wa-
Mwari. Uye hazviitike dakara
“kuzara kwekuipa pakati pevana
venyika iyi, kuti ^bvakukurwe.

11 Uye izvi zviru kuuya kwa-
muri ^amaJentairi, kuti muzive
mirau yaMwari—kuti mute-
ndeuke, uye musaenderere
mukuipa kwenyu kudakara
kuzara kusvike, kuti musazvi-
unzire hasha dzaMwari dzizere
pamuri sezvinoita vagari ve-
nyika ino kusvika zvino.

12 Tarisai, ino inyika yakana-
ka, uye rudzi rwupi zvarwo
rwuchaitora rwuchagara ^azva-
kasununguka pasina usungwa,
neutapwa, uye vasiri kune
mamwe marudzi ose ari pasi
pedenga, kana vari ^bvanosha-
ndira Mwari venyika, ari iye
Jesu Kristu, uyo akaratidzwa
nezvinhu zvatakanyora.

13 Uye zvino ndinoenda mberi
nezvinyorwa zvangu; nokuti

tarisai, zvakaitika kuti Ishe
akaenda naJaredhi nehama
dzake kugungwa guru riya ri-
noganhura matunhu. Uye pava-
kasvika kugungwa vakadzika
matende avo; uye vakadaidza
nzvimbo iyi kuti Moriangu; uye
vakagara mumatende, uye
vakagara mumatende mujinga
megungwa kwemakore mana.

14 Uye zvakaitika kuti muku-
pera kwemakore mana Ishe
vakauya zvakare kumukoma
waJaredhi, uye vakamira mugore
vakataura kwaari. Uye kwe-
nguva inokwana maawa matatu
Ishe, vakataura nemukoma wa-
Jaredhi, uye ^avakamutsiura pa-
musana pekusarangarira kwake
^bkudaidza zita raIshe.

15 Uye mukoma waJaredhi
akatendeuka pachitadzo chaa-
kanga aita, uye akadaidza zita
raIshe achiitira hama dzake
dzaakanga ainadzo. Uye Ishe
vakati kwaari: Ndichakurege-
rera iwe nehama dzako zvitema
zvavo; asi musazotadza zvaka-
re, nokuti mucharangerira kuti
^aMweya wangu haungagare
nguva dzose ^buchishanda neva-
nhu; nokudaro, kana mukaita
zvitema kudakara maibva na-
zvo zvakazara, muchabviswa
pamberipaIshe. Uye ndidzo pfu-
ngwa dzangu pamusoro penyika
yandichakupai kuti ive nhaka
yenyu, nokuti ichave nyika ^cya-
kanaka kupfuura nyika dzose.

16 Uye Ishe vakati: Enda ku-
basa uye unovaka, sekuvaka

10a 2 Ni. 28:16.

^b 1 Ni. 17:37–38.

11a 2 Ni. 28:32.

12a NKM Rusununguko.

^b Isa. 60:12.

14a NKM Kuranga.

^b NKM Munamoto.

15a Eta 15:19.

^b Gen. 6:3;

2 Ni. 26:11;

Morm. 5:16.

^c Eta 9:20.

kwawakamboita magwa. Uye zvakaitika kuti mukoma wajaredhi akashanda, nehama dzake, uye vakavaka magwa netsika yavakamboavaka nayo, maererano “nokurairwa kwavaiitwa naIshe. Uye akanga ari madiki, uye akanga akareruka mumvura, kana kutoita kureruka sehu-ku iri mumvura.

17 Uye akavakwa netsika yakaita kuti abatanidzwe “zvakasimba chaizvo, kuti agone kubata mvura kunge mudziyo; nepasi pawo pakanga pakasimbawo sepasi pedhishi; nenhivi dzakanga dzakabatana sedzedhishi; uye kwekupedzisira kwacho kwakanga kwakavezwa; uye pamusoro pachopakanga pakabatanidzwa zvakasimba sedhishi; uye urefu hwachohwaive urefu hwemuti; uye gonhi racho, kana razarirwa, raivhara zvakasimba kunge dhishi.

18 Uye zvakaitika kuti mukoma wajaredhi akachema kuna Ishe, achiti: Ishe, ndaita basa ramakati ndiite, uye ndaita magwa sezvamakati ndiaite.

19 Uye tarisai, Ishe, maari hamuna mwenje; ko tingafambe sei? Uye zvakare tichafa, nokuti tiri mukati hatikwanise kufema, kunze kwemweya urimo; saka tichafa.

20 Uye Ishe vakati kumukoma wajaredhi; Tarisai, uchaboora buri pamusoro, nepasi; uye kana mave kuda mweya munodziura buri mobva mawana mweya. Uye kana zvakaita kuti

mapinda mumvura, tarisai, munodziura buri kuti musauraiwa nekunyura mumvura.

21 Uye zvakaitika kuti mukoma wajaredhi akaita saizvozvo, maererano nezvaakanga audzwa naIshe.

22 Uye akachema zvakare kuna Ishe achiti: Imi Ishe, tarisai ndaita sekundituma kwenyu; uye ndagadzira ngarava dzevanhu vangu, uye tarisai hamuna mwenje madziri. Tarisai, imi Ishe, munobvuma here kuti tiyambuke gungwa iri murima?

23 Uye Ishe vakati kune mukoma wajaredhi: Chii chaunoda kuti ndiite kuti mumagwa mako muve nemwenje? Nokuti tarisai, haugone kuita mafafitera, nokuti anopwanywa akaita zvidimu-zvidimu; haufanire kuisa moto, nokuti hamuzi kuzoenda nemwenje wemoto.

24 Nokuti tarisai, muchaita sejeka-wacheka pakati pegungwa; nokuti masaisai anenge makomo achakurovai. Zvakadaro, ndichakunyururai zvakare kubva muudzame hwegungwa; nokuti “mhhepo yakaenda ichitobva mumuromo mangu, uye^b mvura nokuzara kwehova ndini ndakazvituma.

25 Uye tarisai, ndinokugadzirira kuti ukwanisane nezvinhu izvi; nokuti hamungambokwanisa kuyambuka zigungwa iri kunze kwekunge ndatokugadzirirai kuti mukunde masaisai egungwa, nemhepo yakatoenda kare, nokuzara kwehova kuchaya. Naizvozvo chii chaunoda

kuti ndikugadzirire kuti uve nemwenje kana mamedzwa muudzame hwegungwa?

CHITSAUKO 3

Mukoma waJaredhi anoona munwe waIshe zvavanobata matombo gumi nematanhatu—Kristu anoratidza muviri wake wemweya kumukoma waJaredhi—Avo vane ruzivo rwakakwana havagone kuchengetwa vari kunze kwechidzikatidzo—Zvidudziriso zvinopirwa kuitira kuburitsa pachena zvinyorwa zve-maJaredhi.

UYE zvakaitika kuti mukoma waJaredhi, (zvino magwa akanga agadzirwa akanga ave masere) akaenda mugomo, ravaidaidza kuti Sheremu, pamusana pekureba kwaro, ndokubva anamanura pabwe matombo aikwana gumi nematanhatu; uye akange akachena achiringirira, uye achioneka sekunge zviriringiro uye akaatakura ari mumaoko ake ndokuenda pamusoro pegomo, uye ndokuchema zvakare kuna Ishe, achiti:

2 Ishe, imi mataura kuti takafanira kukomberedzwa nemvura yakazara. Zvino tarisai, imi Ishe, uye musashatirirwe muranda wenyu pamusana pekusasimba kwake pamberi penyuru; nokuti tinoziva kuti imi muri mutsvene uye munogara kumatenga, nokuti hatisi chinhu pamberi penyuru; pamusana

“pekuponzika ^btsika yokugara kwedu yave yekutadza nguva dzose; zvakadaro, imi Ishe, makatipa murau wekuti tidaidze kwamuri, kuti kubva kwamuri titambire zviri maererano nezvatinoda.

3 Tarisai Ishe, imi makatirova pamusana pekuipa kwedu, uye mukatitinha, uye kwemakore ose akawanda aya atanga tiri murenje; zvakadaro, mangu muchitinzwira “tsitsi. Ishe, imi nditarisei netsitsi, uye mubvise kushatirwa kwenyu kuvanhu venyu ava, uye musabvumire kuti vayambuke udzamu hwakashatirwa uhwu vari murima; asi tarisai zvinhu izvi zvandanyungudutsa kubva mubwe.

4 Uye ndinoziva, imi Ishe, kuti mune “simba rose, uye munogona kuita zvole zvamunoda zvinopundutsa munhu; saka batai matombo aya, imi Ishe, nemunwe wenyu, muagadzire kuti apenye murima; uye achatiphenekera kana tiri mungarava dzatagadzira, kuti tiwane mwenje patichayambuka gungwa.

5 Tarisai Ishe, imi munogona kuzviita izvi. Tinoziva kuti munogona kuratidza simba guru, “rinoita sediki mukusanzwisisa kwevanhu.

6 Uye zvakaitika kuti mukoma waJaredhi ataura mazwi aya, tarisai, “Ishe vakatambanudza ruoko rwavo uye vakabata matombo aya rimwe nerimwe nemunwe wavo. Uye ^bchidzikatidzo

3 2a NKM Kuponzika
kwaAdama naEva.
b Mosaya 3:19.

3a Eta 1:34-43.
4a NKM Simba.
5a Isa. 55:8-9;

1 Ni. 16:29.
6a NKM Jesu Kristu.
b Eta 12:19, 21.

chakabviswa kumaziso emu-koma waJaredhi, uye akaona munwe waIshe; uye wakanga wakaita semunwe wemunhu, wenyama neropa; uye mukoma waJaredhi akawira pasi pamberi paIshe, nokuti akanga arohwa nekutya.

7 Uye Ishe vakaona kuti mukoma waJaredhi akanga awira pasi; uye Ishe vakati kwaari: Simuka, ko wapunzikirei?

8 Uye iye akati kunaIshe: Ndaona munwe waIshe, uye ndikabva ndatya kuti zvimwe angangondirova; nokuti handina kunge ndichiziva kuti Ishe vane nyama neropa.

9 Uye Ishe vakati kwaari: Pamusana perutendo rwako waona kuti ndinotora pandiri "nyama neropa; uye hakuna munhu ati auya kwandiri ane rutendo rwukuru serwaunarwo; nokuti dai pakanga pasina izvozvo hawaikwanisa kuona munwe wangu. Wakaona zvakapfuura izvi here?

10 Uye akapindura achiti: Kwe-te; Ishe, zviratidzei kwandiri.

11 Uye Ishe vakati kwaari: Uchatenda here mazwi andichataura?

12 Uye akapindura: Hongu, Ishe, ndinoziva kuti munotaura chokwadi, nokuti imi muri Mwari vechokwadi, uye "hamunyaneyepa.

13 Uye paakanga ataura mazwi aya, tarisai, Ishe "vakazviratidza kwaari, uye akati: ^bPamusana pekuti unoziva zvinhu izvi wanunurwa mukuponzika; naizvozvo wadzorwa pamberi pangu; naizvozvo 'ndinozviratidza kwaari.

14 Tarisai, ini ndini iyeye akanga akagadzirirwa kubvira pakutanga kwenyika kuti "ndinunure vanhu vangu. Tarisai, ndini Jesu Kristu. Ndini ^bBaba neMwanakomana. Mandiri marudzi ose evanhu achawana 'upenyu, uye husingapere, kana avo vachatenda muzita rangu; uye vachave ^dvanakomana vangu nevanasikana vangu.

15 Uye handisati ndambozviratidza kumunhu wandakasika, nokuti hakuna munhu ati "ambotenda mandiri sekutenda kwawaita. Waona here kuti wakasikwa ^bnomufananidzo wangu? Hongu, vose vanhu vakasikwa pakutanga nemufananidzo wangu.

16 Tarisai, muviri uyu, wawakatarisa iye zvino, muviri "wemweya wangu; uye vanhu ndakavasika nemufananidzo wemuviri wemweya wangu; uye kana zvandiri kuzviratidza kwaari ndiri mumweya ndichazviratidza kuvanhu vangu ndiri munyama.

9a NKM Nyama; Jesu Kristu; Upenyu hwenyama.

12a VaH. 6:18.

13a D&Z 67:10-11.

^b Eno. 1:6-8.

^c NKM Jesu Kristu—Kurama kwaKristu

Asati Azvarwa paNyama.

14a NKM Akanunura; Mununuri.

^b Mosaya 15:1-4.

^c Mosaya 16:9.

^d NKM Vanakomana neVanasikana

vaMwari.

15a NKM Daira.

^b Gen. 1:26-27;

Mosaya 7:27;

D&Z 20:17-18.

16a NKM Mweya.

17 Uye zvino, uye ini, Moronai, ndati handikwanise kuita run-gano ruzere rwezvinhu izvi zvakanyorwa, naizvozvo zvaka-kwana kwandiri kuti nditi Jesu akazviratidza kumurume uyu mumweya, kana netsika zve nokufanana kwemuviri mu-mwecheteyo “sewaakaridza iye kumaNifai.

18 Uye akamudzidzisa kana sekudzidzisa kwaakaita ma-Nifai; uye zvose izvi, zviri zve-kuti murume uyu azive kuti ndiMwari, pamusana pemabasa makuru aakanga aratidzwa naIshe.

19 Uye pamusana peruzivo rwemurume uyu haaigona kuti asatarise mukati “mechidzi-katidzo; uye akaona munwe waJesu, uyu waakati aona, aka-punzika nekutya; nokuti akaziva kuti munwe waIshe; uye akabva ave asisina rutendo, nokuti aka-ziva, pasina kukahadzika.

20 Nokudaro, aine ruzivo rwa-kakwana urwu rwaMwari, “ha-aikwaniswa kuti arambidzwe ari kunze kwechidzikatidzo; naizvozvo akaona Jesu; uye akamudzidzisa.

21 Uye zvakaikaitika kuti Ishe vakati kumukoma waJaredhi: Tarisai, usazobvumira kuti zvi-nhu izvi zvawaona nezvawa-nzwa kuti zviende munyika, kudakara “nguva yasvika ye-kuti ndirumbidze muviri wa-ngu munyama; nokudaro, uchakoshesa zvinhu zvawaona

nezvawanzwa, uye usina mu-nhu waunozviratidza.

22 Uye tarisai, kana wauya kwandiri, uchazvinyora uye wozvinama, kuti pashaye anga-zvidudzire; nokuti uchazvinyo-ra nechirudzi chavasingagone kuverenga.

23 Uye tarisai, matombo “ma-viri aya ndinokupa, uye uchaa-namira pamwechete nezvinhu zvauchanyora.

24 Nokuti tarisai, chirudzi chauchanyora ndakachivhiri-nga; nokudaro ndichaita kuti munguva yangu matombo aya aratidze kumaziso evanhu zvinhu izvi zvauchanyora.

25 Uye Ishe pavakanga vataura mazwi aya, vakaratidza muko-ma waJaredhi vanhu “vose vakambenge vagere munyika, neavo vose vakanga vachizouya; uye havana kuvavanza kuma-ziso ake, kana kusvika kumagu-mo kwenyika.

26 Nokuti vakambenge vati kwaari, “kana ^bakatenda kwava-ri vaikwanisa kuzomuratidza zvinhu ^czvose — zvakaifanira kuratidzwa kwaari; naizvozvo Ishe havaimurambidza kuona kana chimwe chinhu, nokuti aiziva kuti Ishe vaikwanisa kumuratidza zvinhu zvose.

27 Uye Ishe vakati kwaari: Nyora zvinhu izvi “uzviname; uye ndichazviratidza munguva yangu ini kuvana vevanhu.

28 Uye zvakaikaitika kuti Ishe vakamuudza kuti anamire

17a 3 Ni. 11:8-10.
19a NKM Chidzitiro.
20a Eta 12:19-21.
21a Eta 4:1.

23a NKM Urimi
neTumimi.
25a Mos. 1:8.
26a Eta 3:11-13.

^b NKM Daira.
^c Eta 4:4.
27a 2 Ni. 27:6-8.

“matombo maviri aakanga atambira, arege kuaratidza, kudakara Ishe vaaratidza kuvana vevanhu.

CHITSAUKO 4

Moronai anoudzwa kuti aname zvinyorwa zvemukoma waJaredhi—Hazvizoiswa pachena kudakara vanhu vave nerutendo rwunenge rwemukoma waJaredhi—Kristu anoudza vanhu kuti vatende mazwi ake neayo evadzidzi vake—Vanhu vanoudzwa kuti vatendeuke, vatende vhangeri, uye vaponeswe.

UYE Ishe vakaudza mukoma waJaredhi kuti aburuke kubva mugomo nepamberi paIshe, uye “anonyora zvinhu zvaakanga aona; uye zvikarambidzwa kuti zviuye kuvana vevanhu ^bkudakara mushure mekunge aturikwa pamuchinjikwa; nechikonzero ichi zvakachengetwa namambo Mosaya, kuti zvisa-uye munyika kudakara Kristu azviratidza pachake kuvanhu vake.

2 Uye mushure mekunge Kristu zvechokwadi azviratidza iye pachake kuvanhu vake akataura kuti zvichiburitswa pachena.

3 Uye zvino, mushure maizvozvo, vose vaderera mukusatenda; uye hakuna vamwe kunze kwemaRamani, uye vakaramba vhangeri raKristu;

naizvozvo ndataurirwa kuti “ndizvivige zvakare muvhu.

4 Tarisai, ndanyora pamahwende aya zvinhu chaizvo zva-kaonekwa nemukoma waJaredhi; uye hakuna zvimwe zvinhu zvingave zvikuru pane zvinhu zvakaratiidzwa kupfuura izvo zvakaratiidzwa kumukoma waJaredhi.

5 Nokudaro Ishe vandiudza kuti ndizvinyore; uye ini ndazvinyora. Uye vandiudza kuti “ndizviname; uye vandiudzawo kuti ndiname nedudziro yacho; nokudaro ndanamira ^bnezvidudziriso, maererano nemurairo waIshe.

6 Nokuti Ishe vakati kwandiri: Hazvizoenda kumaJentairi kudakara zuva ravanenge vate-ndeuka kubva muzvitadzo zvavo, uye vave vakachena pamberi paIshe.

7 Uye muzuva iroto vachashandisa rutendo mandiri, vanodaro Ishe, kana sezvakaita mukoma waJaredhi, kuti vagoitwa kuti vave “vatsvene mandiri, zvino ndipo pandinozovaratidza zvinhu zvakaonekwa nemukoma waJaredhi, kana nekuvapfunzunurira zvose zvazakarurwa zvangu, anodaro Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ^bBaba wematenga newenyika, nezvinhu zvose zvirimo.

8 Uye uyo “anorwisana neshoko raIshe, iyeye ngaave akatukwa; uye uyo ^bacharamba

28a D&Z 17:1.

4 1a Eta 12:24.

NKM Magwaro matsvene.

b Eta 3:21.

3a Morm. 8:14.

5a Eta 5:1.

b D&Z 17:1; Nh—JS 1:52.

NKM Urimi neTumimi.

7a NKM Kutsveneswa.

b Mosaya 3:8.

8a 3 Ni. 29:5–6;

Morm. 8:17.

b 2 Ni. 27:14; 28:29–30.

zvinhu izvi, iyeye ngaatukwe; nokuti kwavari ^chandiratidze zvinhu zvikuru, anodaro Jesu Kristu; nokuti ndini ndiri kutaura.

9 Uye nekutaura kwangu matenga anozaruka uye ^aachipfigwa; uye nezwi rangu ^bnyika ichadedera; uye ndikataura vagari vemo vachafa, sekunge nemoto.

10 Uye uyo asingatende mazwi angu haatende vadzidzi vangu; uye kana zvikave zvekuti handitaure, tongai imi; nokuti muchaziva kuti ndini ndiri kutaura, muzuva ^arekupedzisira.

11 Asi uyo ^aanotenda zvinhu zvandataura izvi, iyeye ndichamushanyira nezviratidzo zveMweya wangu, uye achaziva agozvichengeta. Nokuti pamusana peMweya wangu ^bachaziva kuti zvinhu izvi ^cndezechokwadi; nokuti unoita kuti vanhu vaite zvakanaka.

12 Uye chose chinoita kuti vanhu vaite zvakanaka ndeche kwangu; nokuti ^akunaka kunobva pasina kumwe kunze kwekwandiri. Ndini wakare anotungamira vanhu kune zvakanaka zvose; uyo ^basingatende mazwi angu haangatende ini—kuti ndini; uye asingatende ini haangatende Baba vakandituma. Nokuti tarisai, ndini Baba, ndini

^cchiedza, ^aneupenyu, nechokwadi chenyika.

13 ^aUyai kwandiri, imi majentairi, uye ndikuratidzei zvinhu zvikuru, ruzivo rwakavigwa pamusana pekusatenda.

14 Uyai kwandiri, imi vema yaIsraeri, uye ^azvicharatidzwa kwamuri kuti kune zvikuru zvakadzi zvamakachengeterwa naBaba, kubvira pakutanga kwenyika; uye hazvisati zvauya kwamuri, pamusana pekusatenda.

15 Tarisai, kana matsemura icho chidzikatidzo chekusatenda chinoita kuti murambe muri mukusatenda kwenyu nokuipa kwenyu, noukukutu hwe-mwoyo, neupofu hwepfungwa, ndipo pachati zvinhu zvikuru zvinoshamisa zvanga ^azvakavigwa kubvira mukutanga kwenyika—hongu, pamuchadaidza Baba muzita rangu, nemwoyo wakatyoka nemweya wakapfava, ndipo pamuchazoziva kuti Baba vakayeuka chibvumirano chavakaita kumadzibaba enyu, imba yaIsraeri.

16 Uye ipapo ndipo pachati ^azvazururwa zvangu zvandakaita kuti zvinyorwe nemuranda wangu Johane kuti zvichipetenurwa mumaziso evanhu vose. Yeukai, kana moona zvinhu izvi, muchaziva kuti nguva

8c Aruma 12:10–11;
3 Ni. 26:9–10.

9a I Madz. 8:35;
D&Z 77:8.

b Hir. 12:8–18;
Morm. 5:23.

10a 2 Ni. 33:10–15.

11a D&Z 5:16.

b NKM Uchapupu.

c Eta 5:3–4;
Moro. 10:4–5.

12a Aruma 5:40;
Moro. 7:16–17.

b 3 Ni. 28:34.

c NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

d Joh. 8:12;

Aruma 38:9.

13a 3 Ni. 12:2–3.

14a D&Z 121:26–29.

15a 2 Ni. 27:10.

16a Zvaka. 1:1;

1 Ni. 14:18–27.

yave pedyo yekuti zvichiburitswa kwose.

17 Naizvozvo, “apo muchagashira zvinyorwa izvi munobva maziva kuti basa raBaba ratanga pamusoro penyika yose.

18 Naizvozvo, “tendeukai imi muri mumativi ose enyika, uye muuye kwandiri, uye mutende muvhangeri rangu, uye ^bmubhabhatidzwe muzita rangu; nokuti uyo achatenda uye akabhabhatidzwa achapona; asi uyo asingatende acharaiswa; uye ^czviritidzo zvichatevera avo vanotenda muzita rangu.

19 Uye akaropafadzwa uyo anowanikwa aine “rutendo muzita rangu muzuva rekupedzisira, nokuti achasimudzwa kunogara muumambo hwaakagadzirirwa ^bkubvira mukutanga kwenyika. Uye tarisai ndini ndazviture. Amen.

CHITSAUKO 5

Vapupuri vatatu nebasa pacharo zvichamira seuchapupu hwechokwadi cheBhuku raMormoni.

UYE zvino ini Moronai, ndanyora mazwi andakaudzwa, maererano nendangariro yangu; uye ndakakutaurirai zvinhu

“zvandakanama; naizvozvo musazvibate, nokuda kwokuti muzvidudzire; nokuti chinhu ichocho muri kuchirambidzwa, kunze kwekunge kana pava paye zvafanira kuna Mwari.

2 Uye tarisai, mungangopundutswa mukaratidza mahwendefa aya kune “avo vachayamura kuburitsa basa iri.

3 Uye “kuvatatu vacharatidzwa nesimba raMwari; nokudaro ^bvachaziva zvirokwazvo kuti zvinhu izvi ‘ndezvechokwadi.

4 Uye mumiro “yevapupuri vatatu zvinhu izvi zvichataurwa; uye uchapupu hwevatatu, nebasa rino, umo mucharatidzwa simba raMwari neshokoravo, iro rinoti Baba neMwanakomana, neMweya Mutsvene vanopupura—uye zvose izvi zvichamira seuchapupu hucharovera nyika musi wekupedzisira.

5 Uye kana zvikadaro kuti vanotendeuka uye “vakauya kuna Baba muzita raJesu, vachagashirwa muumambo hwaMwari.

6 Uye zvino, kana ndisina simba rezvinhu izvi, tongai; nokuti muchaziva kuti ndine simba pamuchandiona, uye tichamira pamberi paMwari musi wekupedzisira. Amen.

17a 3 Ni. 21:1–9, 28.

18a 3 Ni. 27:20;

Moro. 7:34.

^b Joh. 3:3–5.

NKM Bhabhatidza—
Zvinofanira.

^c NKM Zvipo
zveMweya.

19a Mosaya 2:41;

D&Z 6:13.

NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

^b 2 Ni. 9:18.

5 1a 2 Ni. 27:7–8, 21;

Eta 4:4–7.

2a 2 Ni. 27:12–14;

D&Z 5:9–15.

3a 2 Ni. 11:3; 27:12.

^b D&Z 5:25.

^c Eta 4:11.

4a Ona musoro wenyaya

wechikamu 17

cheD&Z uye ndima

1–3; Onazve

Huchapupu

hweVapupuri Vatatu

huri mumapeji

emavambo muBhuku

raMormoni.

5a Morm. 9:27;

Moro. 10:30–32.

CHITSAUKO 6

Magwa emajaredhi anofambiswa nemhepo kuenda kunyika yechipikirwa— Vanhu vanorumbidza Ishe nokunaka kwavo— Oraiha anoitwa mambo wavo— Jaredhi nemukoma wake vanofa.

UYE zvino ini Moronai, ndinoenderera nokupa zvinyorwa zva-Jaredhi nemukoma wake.

2 Nokuti zvakaitika kuti Ishe vakanga vagadzira “matombo akakwira mugomo nemukoma waJaredhi, mukoma waJaredhi akaburuka mugomo, uye akaisa matombo aya mungarava dzakanga dzagadzirwa, rimwechete nhivi nenhivi; uye tarisai, akapa chiedza mungarava.

3 Uye saka Ishe vakaita kuti matombo apenye murima, kuti avhenekere varume, vakadzi, nevana, kuti vasayambuke mvura dzegungwa guru murima.

4 Uye zvakaitika kuti zvavakanga vagadzirira zvose zvekudya zvakasiyana-siyana, kuti vagozozviriritira vave mumvura, nezvekudya zvezvipfuyo zvavo, nezvemhuka kana mombe kana huku kana shiri ipi zvayo yavakatakura— uye zvakaitika kuti pavakanga vaita zvose zvinhu izvi vakapinda mumagwa kana kuti ngarava dzavo, uye ndokubva vapinda mugungwa, vachizviisa kuna Ishe Mwari vavo.

5 Uye zvakaitika kuti Ishe Mwari vakaita kuti kuuye

mhepo yedutu ine “hasha mu-mvura, yakananga kunyika yechipikirwa; uye saka vakandwa uko nokoko mumasaisai egungwa nemhepo.

6 Uye zvakaitika kuti kazhinji vaifusirwa muudzamu hwegungwa, pamusoro pemasaisai ainge makomo aivanyudza, nedutu raikonzerwa nemhepo yaityisa.

7 Uye zvakaitika kuti pavainge vafushirwa pasi pemvura hakuna mvura yaivakuvadza, nokuti ngarava dzavo dzainge “dzakasimba sedhishi, uye dzakanga dzakasimba ^bsengarava yaNoa; naizvozvo vaiti kana vakomberedzwa nemvura vachema kuna Ishe wavo, uye iye ovaburitsa ovaisa pamusoro pemvura zvakare.

8 Uye zvakaitika kuti mhepo haina kumborega kuvhuvhuta nechekunyika yechipikirwa nguva yose yavaive mugungwa; uye saka vakanga vachifambiswa nemhepo.

9 Uye “vaiimba vachirumbidza Ishe; hongu, mukoma waJaredhi aiimba kurumbidza kwake kuna Ishe, uye ^baitenda nokurumbidza Ishe muswere wose wezuva; uye kana hwave usiku, vaisamira kurumbidza Ishe.

10 Uye ndikokufambiswa kwavakaitwa; uye hakuna chikara chemugungwa chaigona kuvatyora, hakuna kana jekawacheka raigona kuvakanganisa; uye vaine neruvheneko nguva dzose,

6 2a Eta 3:3–6.
5a Eta 2:24–25.
7a Eta 2:17.

^b Gen. 6:14;
Mos. 7:43.
9a NKM Imba.

^b I Mak. 16:7–9;
Aruma 37:37;
D&Z 46:32.

kana dai vaive pasi pemvura uye kana pamusoro pemvura.

11 Uye ndiko kufambiswa kwavakaitwa, mazuva mazana matatu ane makumi mana nemazuva mana vari mumvura.

12 Uye vakasvika munyika yechipikirwa. Uye pavakanga vatsika pavhu renyika yechipikirwa vakakotama pamusoro penyika, uye vakazvirereka pamberi paIshe, uye vakachema misodzi yerufaro pamberi paIshe, pamusoro pekuwanda kwetsitsi dzavo kwavari.

13 Uye zvakaitika kuti vakaeenda pamusoro penyika, uye vakatanga kurima ivhu.

14 Uye Jaredhi akaita vanakomana vana; uye vainzi Jakomu, naGiriga, uye Maha, naOraiha.

15 Uye nemukoma waJaredhi akaberekawo vanakomana nevanasikana.

16 Uye “shamwari dzaJaredhi nemukoma wake vaikwana mweya yaisvika makumi maviri nemiviri; uye vakaitawo vanasikana nevanakomana vasati vauya kunyika yechipikirwa; naizvozvo vakatanga kuwanda.

17 Uye vakadzidziswa “kufamba vakazvirereka pamberi paIshe; uye ^bvaidzidziswa kubva kumusoro.

18 Uye zvakaitika kuti vakatanga kupararira nenyika, nokuwanda nekurima minda; uye vakasimba munyika.

19 Uye mukoma waJaredhi akatanga kukwegura, uye akona kuti akange ave pedyo

nokuenda kuguva; nokudaro akati kuna Jaredhi: Ngatiunganidze vanhu vedu kuti tivaverenge, kuti tigoziva kwavari kuti vanoda kuti tivaitirei tisati taenda kumakuva edu.

20 Uye naizvozvo vanhu vakungandzwa pamwechete. Zvino uwandu hwevanakomana nevanasikana vemukoma waJaredhi hwaive mweya makumi maviri anemiviri; uye uwandu hwevanakomana nevanasikana vaJaredhi, hwaive gumi nevaviri, iye aive nevanakomana vana.

21 Uye zvakaitika kuti vakaverenga vanhu ava; uye mushure mekunge vavaverenga, vakavakumbira zvinhu zvavaida kuti vavaitire vasati vaenda pasi kumakuva avo.

22 Uye zvakaitika kuti vanhu vakavakumbira kuti mumwe wevanakomana vavo “agadzwe kuti ave mambo pamusoro pavo.

23 Uye zvino tarisai, izvi zvinhu zvaisuwisa kwavari. Uye mukoma waJaredhi akati kwavari: Chokwadi chinhu ichi “chinokapinza muutapwa.

24 Asi Jaredhi akati kumukoma wake; Vabvumire vave namambo. Uye naizvozvo akati kwavari: Sarudzai imi pakati pevanakomana vedu mambo, kana wamunenge mada.

25 Uye zvakaitika kuti vakasarudza dangwe remukoma waJaredhi; uye zita rake ainzi Pagagi. Uye zvakaitika kuti akaramba kuti ave mambo wavo. Uye vanhu vakada kuti baba

16a Eta 1:41.

17a NKM Famba, Famba naMwari.

^b NKM Zvakazarurwa.

22a NKM Zodza.

23a I Sam. 8:10–18;

Mosaya 29:16–23.

vake vamutunhe, asi baba vake vakaramba; uye akavaudza kuti havafanire kutunha munhu kuti ave mambo wavo.

26 Uye zvakaitika kuti vakasarudza vose vanin'ina vaPagagi, uye vakaramba.

27 Uye zvakaitika kuti kana vana vaJaredhi vakaramba, kana vose kunze kwemumwechete; uye Oraiha akazodzwa kuti ave mambo wevanhu.

28 Uye akatanga kutonga, uye vanhu vakatanga kubudirira; uye vakapfuma zvikuru.

29 Uye zvakaitika kuti Jaredhi akafa, nemukoma wakewe.

30 Uye zvakaitika kuti Oraiha aifamba akazvirereka pamberi paIshe, uye akarangarira zvinhu zvikuru zvakaitirwa baba vake naIshe, uye akadzidzisawo vanhu vake kuti Ishe vakanga vaitira madzibaba avo zvinhu zvikuru sei.

CHITSAUKO 7

Oraiha anotonga mukururama— Pakati pekubvutirana masimba nekunetsana, kunomiswa umambo hunokukwikwidzana hwaShuru naKoho— Vaporofita vanotuka huipi hwevanhu nekunamata zvoifananidzo kwevanhu, avo vanobva vatendeuka.

UYE zvakaitika kuti Oraiha akatonga nyika mukururama mazuva ake ose, mazuva ake akanga akawanda zvikuru.

2 Uye akabereka vanakomana nevanasikana; hongu, akabereka

makumi matatu nemumwechete, pakati pavo paive nevakomana makumi maviri nevatatu.

3 Uye zvakaitika kuti akaberekawo Kibhu atokwegura. Uye zvakaitika kuti Kibhu akatonga munzvimbo yake; uye Kibhu akabereka Koriho.

4 Uye Koriho paakanga ave nemakumi matatu emakore ane makore maviri, akapandukira baba vake, akaenda kunogara kunyika yeNehoi; uye akabereka vanakomana nevanasikana, uye vakanga vakanakisa zvikuru; nokudaro Koriho akakwezvera vanhu vazhinji kwaari.

5 Uye zvaakanga aunganidza mauto pamwechete akauya kunyika yaMoroni kwaigara mambo, uye ndokubva amutura senhapwa, zvakaita kuti "chirevo chemukoma waJaredhi chekuti vachaiswa muutapwa, chizadzikiswe.

6 Zvino nyika yaMoroni, maigara mambo, yaive pedyo nenyika yaidaidzwa kuti Kuparadzwa namaNifai.

7 Uye zvakaitika kuti Kibhu akagara muutapwa, nevanhu vake vari pasi paKoriho mwana komana wake, kudakara akwegura zvikuru; zvakadaro Kibhu akabereka Shuru muhara hwa hwake, achiri muutapwa.

8 Uye zvakaitika kuti Shuru akashatirirwa mukoma wake; uye Shuru akaita simba, uye akave mukuru nesimba rechirume; uye akanga ari mukuru kana mukutonga.

9 Nokudaro, akauya kuchikomo

chainzi Efraimi, akanyungudu-tsa simbi muchikomo umu, akapfura minondo akaipa kune avo vaakanga akwezva; uye mushure mekunge avapa minondo akadzokera kuguta reNehoi; uye ndokurwisa mukoma wake Koriho, iri iyo nzira yaakatora nayo umambo achibva ahudzorerera kuna baba vake Kibhu.

10 Uye zvino pamusoro pechinhu chakanga chaitwa naShuru, baba vake vakapa iye umambo; saka akatanga kutonga munzvimbo yababa vake.

11 Uye zvakaitika kuti akatonga mukururama; uye akaparadzira umambo hwake pamusoro penyika yose, nokuti vanhu vakanga vawanda zvikuru.

12 Uye zvakaitika kuti Shuru akabereka vana vakawanda vakomana nevasikana.

13 Uye Koriho akatendeuka kubva kuzvitema zvake zvaakanga aita; nokudaro Shuru akamupa simba muumambo hwake.

14 Uye zvakaitika kuti Koriho akanga aine vanakomana nevasikana vazhinji. Uye pakati pevanakomana vaKoriho paive nemumwe ainzi Noa.

15 Uye zvakaitika kuti Noa akapandukira Shuru, mambo, nababa vakewo Koriho, uye ndokubva akwezva mukoma wake Koho, nehama dzake dzose nevakawanda vevanhu.

16 Uye ndokubva arwisa Shuru, mambo, ndokutora nyika yenhaka yavo yekutanga; uye akave mambo kuchidumu che-nyika ichocho.

17 Uye zvakaitika kuti aka-

rwisa Shuru zvakare, mambo; uye akatora Shuru, mambo, akamutakura senhapwa akaenda naye kuMoroni.

18 Uye zvakaitika kuti paakanga ave kuda kumuuraya, vana vaShuru vakanyangira vakapinda mumba maNoa usiku vakamuuraya, uye vakatyora gonhi retirongo vakaburitsa baba wavo, uye vakamuisa pachigaro chake muumambo hwake.

19 Nokudaro, mwana waNoa akavaka umambo hwake munzvimbo yake; zvakadaro havana kuzowana simba zvakare pamusoro pamambo Shuru, uye vanhu vaive pasi pamambo Shuru vakafambira mberi zvikuru uye vabudira zvikuru.

20 Uye nyika yakanga yakagovaniswa; uye maive neumambo huviri, umambo hwaShuru neumambo hwaKoho, mwanakomana waNoa.

21 Uye Koho, mwanakomana waNoa, akaita kuti vanhu vake varwise Shuru, mukumurwisa uku Shuru akavakunda akauraya Koho.

22 Uye zvino Koho aive nemwanakomana ainzi Nimirodi; uye Nimirodi akapa nyika youmambo hwaKoho kuna Shuru, uye akadiwa mumaziso aShuru; nokudaro Shuru akamuitira zvinhu zvakana zvizhinji, uye akaita zvaanoda munyika youmambo hwaShuru.

23 Uye munguva yekutonga kwaShuru kwakauya vaporofita mukati mevanhu, vaitumwa kubva kuna Ishe, vachiporofita kuti uipi nekunamata zvfana-

midzo kwevanhu kwave kuunza kutukwa kwenyika, uye vachaparadzwa kana vasina kute-ndeuka.

24 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatunga vaporofita, uye vachivaseka. Uye zvakaitika kuti mambo Shuru akaisa murau unopa vose waituka vaporofita mhosva.

25 Uye akaisa mutemo munyika yose, waipa simba kuva-porofita kuti vaende kwose kwavaida; nenzira yekudaro vanhu vakauya mukutendeuka.

26 Uye pamusana pekuti vanhu vakatendeuka muzvitema zvavo nekunamata zvifanandzo Ishe vakavaregerera, uye vakatanga kubudirira zvakare munyika. Uye zvakaita kuti Shuru akabereka vanakomana nevanasikana mukukwegura kwake.

27 Uye kwakange kuisina hondo mumazuva aShuru; uye akarangarira zvinhu zvikuru zvakaitirwa madzibaba ake naIshe mukuvayambutsa “mhiri kwamakungwa nokuvasvitsa kunyika yechipikirwa; nokudaro akatonga nekururama mazuva ake ose.

CHITSAUKO 8

*Mune kunetsana nekupesana pamusoro peumambo—Akishi anoita chikwata chemuruvande chine chitsidzo chekukuraya mambo—Zvikwata zveumuruvande ndezvadhia-
bhorosi uye zvinokonzera kuparadzwa kwemarudzi—Ma-*

*Jentairi emazuva ano vanoyambi-
rwa nezvezvikiwata zveumuruvande
zvinotsvaka kutora rusununguko
rwenyika dzose, marudzi, nenyika.*

UYE zvakaitika kuti akabereka Oma, uye Oma akatonga munzvimbo yake. Uye Oma akabereka Jaredhi; uye Jaredhi akabereka vanakomana nevanasikana.

2 Uye Jaredhi akapandukira baba vake, akauya kuzogara munyika yaHetu. Uye zvakaitika kuti akanyengedza vanhu vazhinji, pamusana pemazwi ake anonyengedza, kudakara awana chikamu cheumambo.

3 Uye awana chikamu cheumambo akarwisa baba vake, uye akatakura baba vake muutapwa, uye akavaita kuti vashande muutapwa.

4 Uye zvino, mumazuva ekutonga kwaOma akanga ari muutapwa chikamu chemazuva ake. Uye zvakaitika kuti akabereka vanakomana nevanasikana pakati pavo paive naEsromi naKorianduma;

5 Uye vakashatirwa zvikuru nekuita kwemukoma wavo Jaredhi, zvekuti vakaunganidza mauto vakarwisa Jaredhi. Uye zvakaitika kuti vakamurwisa usiku.

6 Uye zvakaitika kuti pavakanga vauraya mauto aJaredhi vakanga vave kuda kumuuraya iyewo; uye akavakumbira kuti vasamuuraye, uye akati aizopa umambo kuna baba vake. Uye zvakaitika kuti vakamupa upe-nyu hwake.

7 Uye zvino Jaredhi akasuwa zvikuru pamusana pekurasiki-
rwa neumambo, nokuti akanga
aisa mwoyo wake paumambo
nembiri yenyika.

8 Zvino mwanasikana waJare-
dhi semunhu akanga akache-
njera zvikuru, uye achiona
kusuwa kwababa vake, akafu-
nga zano rekuti agogona kudzo-
rera umambo kuna baba vake.

9 Zvino mwanasikana waJare-
dhi akanga akanakiswa zvikuru.
Uye zvakaitika kuti akataura
nababa vake, uye akati kwavari:
Sei baba vangu vakasuwa zva-
kadai? Havana kuverenga here
zvinyorwa zvakauya namadzi-
baba edu kubva mhiri kwema-
kungwa? Tarisai, hamuna ru-
ngano here nezvevekare ivavo,
zvekuti vaiwana umambo neku-
ronga “muruvande zvaivaitisa
mbiri?

10 Uye zvino, naizvozvo
baba vangu ngavadaidze Aki-
shi, mwanakomana waKimuno;
uye tarisai, ini ndakanakisa,
uye “ndichatamba pamberi
pake, uye ndichamufadza, zve-
kuti anozoda kuti ndive muka-
dzi wake; nokudaro kana
akukumbirai kuti ndive muka-
dzi wake, zvino imi muchati:
Ndinomupa kwauri kana wau-
ya nemusoro wababa vangu,
mambo.

11 Uye zvino Oma aive sha-
mwari yaAkishi; nokudaro,
Jaredhi paakadaidza Akishi,
mwanasikana waJaredhi aka-
tamba pamberi pake zvekuti

akamufadza, zvekuti akamu-
kumbira kuti ave mukadzi wake.
Uye zvakaitika kuti akati kuna
Jaredhi: Mupe kwandiri ave
mukadzi wangu.

12 Uye Jaredhi akati kwaari:
Ndichamupa kwauri, kana uka-
uya kwandiri nemusoro wababa
vangu, mambo.

13 Uye zvakaitika kuti Akishi
akaunganidza mumba ma-
Jaredhi vanhu vake vose, akati
kwavari: mungapike kwandiri
here kuti muchavimbika kwa-
ndiri muchinhu chandiri kuda
kwamuri?

14 Uye zvakaitika kuti vose
“vakapika kwaari, naMwari
vari kudenga, nematengawo,
nairo ivhuwo, nemisoro yavo,
kuti uyo anenge abva muruya-
muro rwaidiwa naAkishi ano-
dimurwa musoro; uye kana
uyo anozotaura chinhu chipi
zvacho chavanenge vaudzwa
naAkishi, iyeye anorasikirwa
neupenyu hwake.

15 Uye zvakaitika kuti ndikwo
kubvumirana kwavakaita na-
Akishi. Uye Akishi akavaitisa
“mhiko zvaitiswa vakare vai-
nge vachitsvagawo masimba,
zvakange zvakagashidzanwa
kubvira kuna ^bKaini, akanga
ari mhondi kubvira pakutanga.

16 Uye zvachachengetwa nesim-
ba radhiabhorosi kuti zvigoi-
tiswa vanhu izvi zvitsidzo,
kuti vagare vari murima, kuya-
mura avo vaitsvaka simba kuti
vawane simba, nokuponda, no-
kupwanya, nokunyepa, nokuita

8 9a 3 Ni. 6:28;
Hir. 6:26–30;
Mos. 5:51–52.

10a Marko 6:22–28.
14a NKM Kutaura zvisina.
15a NKM Chitsidzo.

^b Gen. 4:7–8;
Mos. 5:28–30.

zvakaipa zvakasiyana-siyana neupombwe.

17 Uye aive mwanasikana wa-Jaredhi akazviisa mumwoyo make kuti atsvake zvinhu izvi zvakare; uye Jaredhi akazviisa mumwoyo maAkishi; nokudaro, Akishi akazviita kuhama dzake neshamwari, achivavimbisa zvinhu zvakana kuta kuti vaite chinhu chose chainge avakumbira.

18 Uye zvakaite kuti vakavamba “chikwata chemuruvande, kana zvaitwa nevekare; chikwata ichi chinova chakashoreka nekuipa kupfuura zvose, mumaziso aMwari;

19 Nokuti Mwari havashande muzvikwata zvemuruvande, havadi kana kuti munhu adeure ropa, uye muzvinhu zvose akazvirambidza, kubvira pakutanga kwemunhu.

20 Uye zvino ini, Moronai, handinyore maitirwo ezvitsidzo zvavo nezvikwata zvavo, nokuti ndakaziviswa kuti zviri mukati mevanhu vose, uye zviri kuma-Ramani.

21 Uye vakakonzera “kuperadzwa kwevanhu ava vandiri kutaura nezvavo zvino, zvakare nokuperadzwa kwevanhu va-Nifai.

22 Uye rudzi rwose zvarwo rwuchatsigira zvikwata izvi muruvande, kuti vawane simba nokuwana, kudakara zvapararira nerudzi, tarisai, vachaparadzwa; nokuti Ishe havazobvumira kuti “ropa revatendi vavo, richadeurwa navo, rigare

richichema kwavari kubva pasi kuti ^bvatsividze uye ivo vasingavatsividze.

23 Nokudaro, imi maJentairi, kuda kwaMwari kuti zvinhu izvi zviratidzwe kwamuri, kuti ipapo mugotendeuka muzvitema zvenyu, uye musabvumire kuti zvikwata zveumhondi izvi zvive pamusoro penyu, zvakaite kuti simba nekwana “upfumi—uye nebasa, hongu, kana nebasa rekuperadzwa richauya pamuri, hongu, kana munondo wekuranga kwaMwari Vokusingaperi vachawira pamuri, zvinoita kuti mukurirwe nokuperadzwa kana mukabvumira kuti zvinhu izvi zvivepo.

24 Nokudaro, Ishe vakakutaurirai, kana mave kuona zvinhu izvi zvichiuya pakati penyu kuti muchamuka kuti muone kuti muri muzvinhu zvakaipa, pamusana pechikwata chemuruvande chinenge chave mukati menyu; kana kuti nhamo kwachiri, pamusoro peropa reavo vakauraiwa; nokuti vanochema kubva muguruva kuti vatsividze pachiri, nepane avo vakachiita.

25 Nokuti zvinoitika kuti uyo wose anovaka chikwata ichi ari kutsvaka kupunza “rusununguko rwenyika dzose, marudzi, nenyika; uye zvinoita kuti kuve nekuperadzwa kwevanhu vose, nokuti chakavakwa nadhiahborosi, anova ndiye baba we-nhema dzose; kana uye iyeye

18a NKM Huranganwa hwemuruvande.
21a Hir. 6:28.

22a Morm. 8:27, 40–41.
b NKM Kutsividza.
23a 1 Ni. 22:22–23;

Mos. 6:15.
25a NKM Kusununguka.

munyepi mumwecheteyo ^bakanyengedza vabereki vedu vekutanga, hongu, kana iyeye munyepi mumwecheteyo akakonzera kuti munhu aponde kubvira pakutanga; akaomesa mwoyo yevanhu kuti vaponde vaporofita, uye vakavatemala nemabwe, nekuvatandanisira kunze kubvira pakutanga.

26 Nokudaro, ini Moronai, ndataurirwa kuti ndinyore zvinhu izvi kuti kuipa kubviswe, nokuti kuchasvika nguva yekuti Satani ^aachashaya simba mwoyo yevana yevanhu, asi kuti ^bvakurudzirwe kuita zvakanakanguva dzose, kuti vagouya kutsime rekururama kwose uye vagoponeswa.

CHITSAUKO 9

Umambo hunobva kune uyu huchienda kune uyo nenhaka, kunyengedza, nekuponda — Ema akaona Mwanakomana weKururama — Maporofita vazhinji vanodaidzira rutendeuko — Nzara nenyoka dzine uturu zvinonetsa vanhu.

UYE zvino ini Moronai, ndinoenda mberi nezvinyorwa zvangu. Nokudaro, tarisai, zvakaitika kuti pamusana pezvikiwata ^azvemuruvande zvaAkishi neshamwari dzake, tarisai, vakapunza umambo hwaOma.

2 Zvakadaro, Ishe vakanzwira Oma tsitsi, nekuvanakomana nekuvanasikana vake

vakanga vasingatsvake kuparadzwa kwake.

3 Uye Ishe vakayambira Oma kuhope kuti akafanira kubuda munyika; nokudaro Oma akabuda munyika nemhuri yake, uye akafamba kwemazuva mazhinji, uye akasvika uye ndokupfuura nepachikomo chanzini ^aShimu, uye ndokuuya nepanzvimbo ^bapo pakaparadzirwa maNifai, uye kubva apa ndokubva ananga kumbavazuva, uye ndokubva asvika panzvimbo yainzi Abhuromu, nechekugungwa, uye ipapo ndokubva adzika tende yake, nevanakomana vake nevanasikana vake, nembera yake yose, kunze kweya Jaredhi nemhuri yake.

4 Uye zvakaitika kuti Jaredhi akazodzwa kuti ave mambo wevanhu, neruoko rweuipi; uye akapa Akishi mwanasikana wake kuti ave mukadzi wake.

5 Uye zvakaitika kuti Akishi akatsvaka upenyu hwavatezvara vake; uye akakumbira avo vaakanga aaitisa zvitsidzo zvevekare vepasichigare, uye vakadimura musoro wavatezvara vake, zvavakanga vagere pachigaro chavo chekutonga, vachiteerera kuvanhu vavo.

6 Nokuti utsinye hwechikwata chekavere-vere ichi hwakanga hwapararira zvekuti hwakavsvibisa mwoyo yevanhu vose; saka Jaredhi akapondwa ari pachigaro chake chekutonga, uye

25b Gen. 3:1–13;
2 Ni. 9:9;
Mosaya 16:3;
Mos. 4:5–19.

26a 1 Ni. 22:26.
b 2 Ni. 33:4;
Moro. 7:12–17.
9 1a Eta 8:13–17.

3a Morm. 1:3; 4:23.
b Morm. 6:1–15.

Akishi akatonga munzvimbo yake.

7 Uye zvakaitika kuti Akishi akatanga kuitira mwanakomana wake shanje, nokudaro akamupfigira mutirongo, uye akamuchengeta achimupa kudya kushomanani kana kumunyima kusvika afa.

8 Uye zvino munin'ina weuya akafa, (uye zita rake rainzi Nimra) akashatirirwa baba vake pamusana peicho chakanga chaitwa nababa vake kumukoma wake.

9 Uye zvakaitika kuti Nimra akaunganidza varume vashomanani, ndokubva atiza munyika, uye ndokuuya ndokuzogara naOma.

10 Uye zvakaitika kuti Akishi akabereka vamwe vana, uye vakatora mwoyo yevanhu, kana dai zvazvo vakanga vakatsidza kwaari kuita zvole zvakaipa maererano nezvaanenge achida.

11 Zvino vanhu vaAkishi vaida upfumi, kana saAkishi aida simba; nokudaro, vana vaAkishi vakavapa mari, zvakaita kuti vakwezvere vanhu vazhinji kwavari.

12 Uye pakatanga kuve nehondo pakati pevana vaAkishi uye naiye Akishi, yakatora makore mazhinji, hongu, kusvikira pakuda kuparadza vanhu vose vemunyika, hongu, kana vose, kusara kwemakumi matatu emweya, uye vakatiza neveimba yaOma.

13 Nokudaro, Oma akadzore-

rwa zvakare kunyika yake yenhaka.

14 Uye zvakaitika kuti Oma akatanga kukwegura; zvakudaro, mukukwegura kwake akabereka Ema; uye akazodza Ema kuti ave mambo atonge munzvimbo yake.

15 Uye mushure mekunge azodza Ema kuti ave mambo akaona runyararo munyika kwemakore maviri, uye ndokubva afa, ari akanga ararama kwemazuva akawanda zvikuru, akanga azere nokusuwa. Uye zvakaitika kuti Ema akatonga munzvimbo make, uye akatevedza tsoka dzababa vake.

16 Uye Ishe vakatanga kubvisa kutukwa kwenyika iyi, uye imba yaEma ikabudirira zvikuru pasi pekutonga kwaEma; uye muchinguva chemakore makumi matanhatu anemaviri vakanga vasimba zvikuru, zvekuti vakabva vapfuma zvikuru—

17 Vaine michero yakasiyana-siyana, nezvirimwa, nesirika, nemachira akanaka samare, negoridhe, nesirivha, nezvinhu zvinokosha;

18 Uyewo mombe dzakasiyana-siyana, madhonza, mhau, nehwei, nenguruve, nembudzi, nemamwe marudzi emhuka dzaive dzekudya kumunhu.

19 Uyewo vakanga vaine "mahachi, nemadhongi, uye kwaive nenzou, nemakureromu nemakumomu; zvole zvakanga zvii-ne basa kumunhu, kunyanya kunzou nemakureromu nemakumomu.

20 Uye saka Ishe vakadira maropafadzo avo munyika iyi, yakanga “yakanaka kupfuura dzimwe dzose nyika; uye vakataura kuti wose anenge aine nzvimbo akafanira kuiita ya-Ishe, kana kuti ^bvaizoparadzwa kana vaibva mukuipa; nokuti pane vakadaro, Ishe vanoti; Ndichadira kushatirwa kwangu kwose kuzere.

21 Uye Ema akatonga nokururama mazuva ake ose, uye akabereka vanakomana nevanasikana vazhinji; uye akabereka Koriandumu, uye akazodza Koriandumu kuti atonge munzvimbo yake.

22 Uye mushure mekuzodza Koriandumu kuti atonge munzvimbo make akagara makore mana, uye akaona runyararo munyika; hongu, uye akatoo-nawo “Mwanakomana Wekururama, uye akafara nokukudza muzuva rake, uye akafa murunyararo.

23 Uye zvakaitika kuti Koriandumu akafamba mutsoka dzababa vake, uye akavaka maguta makuru mazhinji, uye akadzidzisa icho chakanga chakanakira vanhu vake muzuva ake ose. Uye zvakaitika kuti haana kumboita vana kudakara akwegura zvikuru.

24 Uye zvakaitika kuti mukadzi wake akafa, ave nemakore zana nemaviri. Uye zvakaitika kuti Koriandumu akatora mudzimai, mukukwegura kwake, murandakadzi mudiki, uye akabereka vanakomana neva-

nasikana; nokudaro akararama kudakara ave nezana remakore rine makumi mana nemakore maviri.

25 Uye zvakaitika kuti akabereka Komu, uye Komu akatonga munzvimbo yake; uye akatonga kwemakumi mana emakore ane makore mapfumbamwe, uye akabereka Heti; uye iyewo akabereka vanakomana nevanasikana.

26 Uye vanhu vakanga vapararira zvakare kwose pamusoro penyika, uye kukatanga zvakare kuve neuipi hukuru pamusoro penyika, uye Heti akatanga kugashira urongwa hwekave-re-vere hwakare, kuti aparadze baba vake.

27 Uye zvakaitika kuti akabvisa baba vake pachigaro cheumambo, nokuti akavauraya nemunondo wake; uye akatonga munzvimbo yavo.

28 Uye kwakauya maporofita munyika zvakare, vachichema rutendeuko kwavari—kuti vagadzire nzira yaIshe, kana kuti kuchauya kutukwa pamusoro penyika; hongu, kana kuve nenzara huru, ichavaparadza kana vasina kutendeuka.

29 Asi vanhu havana kutenda mazwi emaporofita, asi vakavatangira kunze; uye vamwe vavo vakavakanda mumakomba uye vakavasiya kuti vafe. Uye zvakaitika kuti vaiita zvose zvinhu izvi maererano nezvaitaurwa namambo, Heti.

30 Uye zvakaitika kuti pakatanga kuve nekufa kukuru

munyika, uye vagari vakatanga kuparadzwa nokukurumidza kwazvo pamusana pekufa uku, nokuti pakanga pasina mvura yekunaya pamusoro penyika.

31 Uye kukauya nyoka dzine huturu pamusorowo penyika, uye dzikauraya vanhu vazhinji. Uye zvakaitika kuti zvipfuyo zvavo zvakatanga kutiza nyoka idzi, zvakananga kunyika yekumaodzanyemba, yaidaidzwa nemaNifai kuti ^aZarahemura.

32 Uye zvakaitika kuti kune zvizhinji zvakafira munzira; zvakadaro, kune zvimwe zvakatizira munyika yekumaodza-nyemba.

33 Uye zvakaitika kuti Ishe vakaita kuti ^{nyoka dzichirega kuramba dzichizvitandanisa, asi kuti dzidzivire nzira kuti vanhu vasapfuure, kuti ani zvake anenge aedza kupfuura auraiwe nenyoka.}

34 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatevedza gwara rezvipfuwo, uye vachidya mitumbi yeizvo zvakanga zvafira munzira, kudakara vazvidya zvole. Zvino vanhu zvavakaona kuti vave kuzofa vakatanga ^{“kutendeuka mukutadza kwavo uye vachichema kuna Ishe.}

35 Uye zvakaitika kuti pavakanga ^{“vazvininipisa pamberi paIshe zvakakwana akatumira mvura pamusoro penyika; uye vanhu vakatanga kupona zvakare, uye kukatanga kuve nemichero munyika dzekuchamhembe, nemunyika dzose dzakakomberedza. Uye Ishe}

vakaraidza simba ravo kwavari mukuvachengetedza munzara.

CHITSAUKO 10

Mambo uyu anotsiva uyo—Vamwe vemadzimambo vakarurama; vamwe vane uipi—Kana kuine kururama, vanhu vanoropafadzwa uye vachibva waitwa kuti vabudirire naIshe.

UYE zvakaitika kuti Shezi, uyo akanga ari wechizvarwa cha-Heti—nokuti Heti akanga afa munzara, nemba yake yose kusara kwaShezi—nokudaro, Shezi akatanga zvakare kusimbisa vanhu vakanga varendeswa.

2 Uye zvakaitika kuti Shezi akarangarira kuparadzwa kwamadzibaba ake, uye akavaka umambo hwakarurama; nokuti akarangarira zvakanga zvaitwawo nalshe mukuunza Jaredhi nemukoma wake mukuyambuka ^{“mhiri kwegungwa; uye akafamba munzira dzalshe; uye akabereka vanakomana nevanasikana.}

3 Uye mwanakomana wake mukuru, zita rake ainzi Shezi, akamupandukira; zvakadaro, Shezi akauraiwa neruoko rwegororo, pamusana peupfumi hwake hwakanyanyisa, zvakaita kuti baba vake vawane runyararo zvakare.

4 Uye zvakaitika kuti baba vake vakavaka maguta akawanda pamusoro penyika, uye vanhu vakatanga zvakare

31a Omu. 1:13.
33a Num. 21:6–9.

34a Aruma 34:34;
D&Z 101:8.

35a D&Z 5:24.
10 2a Eta 6:1–12.

kupararira pamusora penyika yose. Uye Shezi akararama kusvika akwegura zvikuru; uye akabereka Ripurakishi. Uye akafa, uye Ripurakishi akatonga munzvimbo yake.

5 Uye zvakaitika kuti Ripurakishi haana kuita izvo zvainge zvakanaka mumaziso alshe, nokuti aive nevakadzi vazhinji “nepfambi, uye akaisa pama-pfudzi evanhu izvo zvairema kutakura; hongu, akavateresa nemitero inorema; nemitero iyi akavaka mazimba makuru.

6 Uye akazvigadzirira chigaro chekutonga chakatambura kunaka; uye akavaka matirongo akawanda, uye uyo wose airamba kutera, aimukanda mutirongo; uye uyo ainge asingakwanise kutera aikandwa mutirongo; uye aiita kuti vachokore nebasa kuti vazviriritire; uye uyo airamba kuita basa aiita kuti auraiwe.

7 Nokudaro akakwanisa kuita basa rose raaida, hongu, kana goridhe yake aiita kuti ibikwe mutirongo; nemabasa ose ehumhizha akanga achiyevedza aiita kuti ashandwe mutirongo. Uye zvakaitika kuti akarwadzisa vanhu neupombwe nokuipa kwake.

8 Uye paakanga atonga kwemakore makumi mana nemaviri vanhu vakamuka vakamupandukira; uye kukatanga kuve nehondo zvakare munyika, zvekuti Ripurakishi akauraiwa, uye zvizvarwa zvake zvikatandaniswa munyika.

9 Uye zvakaitika kuti mushure memakore mazhinji, Moriandoni, (iye ari chizvarwa chaRipurakishi) akaunganidza pamwechete mauto evanhu vakanga vakatandaniswa munyika, uye akaenda akanorwisa vanhu; uye akawana simba mumaguta mazhinji; uye hondo ikarwadza zvikuru, uye ikarwiwa kwemakore mazhinji; uye akawana simba munyika yose, uye akazviita mambo wenyika yose.

10 Uye mushure mekunge azvigadza umambo akarerutsa mutoro wevanhu, zvakaita kuti vanhu vamutarise zvakanaka, uye vakamuzodza kuti ave mambo wavo.

11 Uye akaita zvakarurama kune vanhu, asi kwete kuzvii-tira iye pamusoro peupombwe hwake; nokudaro akabviswa pamberi palshe.

12 Uye zvakaitika kuti Moriandoni akavaka maguta akawanda, uye vanhu vakapfuma zvikuru pasi pekutonga kwake, kwose muzvivakwa, nemugoridhe nesirivha, nemukurima, nemumatanga, nezvimwe zvakanga vadzorerwa.

13 Uye Moriandoni akararama kudakara akwegura zvikuru, uye ndokubva abereka Kimu; uye Kimu akatonga munzvimbo yababa vake; uye akatonga kwemakore masere, uye baba vake ndokubva vafa. Uye zvakaitika kuti Kimu haana kutonga nokururama, nokudaro haana kudiwa naIshe.

14 Uye mukoma wake akamuka akamupandukira, naizvo-zvo akamuisa muutapwa; uye akagara muutapwa mazuva ake ose; uye akabereka vanasikana nevanakomana ari muutapwa, uye mukukwegura kwake akabereka Revhi; uye akabva afa.

15 Uye zvakaitika kuti Revhi akashanda ari muutapwa mushure mekufa kwababa vake, kwemakumi mana emakore ane makore maviri. Uye akaita hondo namambo wenyika, naizvo-zvo akawana umambo.

16 Uye mushure mekunge atora umambo akaita izvo zvakanaka zvakanaka mumaziso aIshe; uye vanhu vakabudirira munyika; uye iye akagara kudakara akwegura zvakanakawo, uye akabereka vanakomana nevanasikana; uye akaberekawo Koromu, uyo waakazodza kuti ave mambo munzvimbo yake.

17 Uye zvakaitika kuti Koromu akaita izvo zvaive zvakanaka mumaziso aIshe mazuva ake ose; uye akabereka vanakomana nevanasikana vakawanda; uye mushure mekunge aona mazuva akawanda chaizvo, akafa, sezvinoita pasi pose; uye Kishi akatonga munzvimbo make.

18 Uye zvakaitika kuti naKishi akafawo, uye Ribhi akatonga munzvimbo make.

19 Uye zvakaitika kuti Ribhi akaitawo icho chaive chakanaka mumaziso aIshe. Uye mazuva aRibhi nyoka dziye dzine "uturu dzakaparadzwa.

Nokudaro vakaenda kunyika yaive kumaodzanyemba, kunovhimira vanhu venyika zvekudya, nokuti nyika iyi yakange izere mhuka dzesango. Uye Ribhi pachakewo akave muvhimi mukuru.

20 Uye vakavaka guta guru nekwakange kwakamika kwenyika, panzvimbo yaiganhurwa nyika negungwa.

21 Uye vakachengetedza nyika yekumaodzanyemba serenje, kuti vawane mhuka. Uye pamusoro penyika yose yekuchamhembe yakange izere nevanhu vaigaramo.

22 Uye vaive vanhu vaishanda zvikuru, uye vaitenga vachitengesa uye vachitambidzana kuti vawane.

23 Uye vaishanda nematare akasiyana-siyana, uye vaiita goridhe, nesirivha, "nesimbi, nendarira nesimbi dzose dzakasiyana-siyana; uye vaizvicheira muvhu; nokudaro vaiburitsa mirwi mikuru kwazvo yevhu kuti vawane simbi yegoridhe, uye yesirivha, uye yemhangura. Uye vaiita zvinhu zvakasiyana-siyana zvinoyevedza.

24 Uye vaive nesirika, nemachira akarukwa zvakanaka semare; uye vaigadzira machira akasiyana-siyana, kuti vawane chekufukidza kusasimira kwavo.

25 Uye vaiita zvinhu zvakasiyana-siyana zvekurima ivhu nazvo, zvose zvekurimisa nezvekudyarisa, zvekukohwesa nezvekusakurisa, uye kana nezvekupurisa.

26 Uye vakaitawo zvinhu zvakasiyana-siyana zvavaishanda nazvo zvipfuwo zvavo.

27 Uye vaiita zvombo zvehondo zvakasiyana-siyana. Uye vaiita zvinhu zvinoshamisa zvinoratidza umhizha.

28 Uye hakuna kunge kuine vanhu vakanga vakaropafadzwa kupfuura ava, kana vainge vakabudirira kuvapfuura neruoko rwaIshe. Uye vakanga vari munyika yakanga yakanaka kupfuura dzimwe nyika dzose, nokuti Ishe vakanga vazviture.

29 Uye zvakaitika kuti Ribhi akararama kwemakore mazhinji, uye akabereka vanakomana nevanasikana; uye akaberekawo Haritomu.

30 Uye zvakaitika kuti Haritomu akatonga munzvimbo yababa vake. Uye Haritomu atonga kwemakumi maviri emakore nemana, tarisai, akatorerwa umambo. Uye akagara makore mazhinji ari muutapwa, hongu, kana mazuva ekupedzisira ose eupenyu hwake.

31 Uye akabereka Heti, uye Heti akagara muutapwa mazuva ake ose. Uye Heti akabereka Aroni, uye Aroni akagara muutapwa mazuva ake ose; uye iye akabereka Amunigadha, uye naAmunigadha akagarawo muutapwa mazuva ake ose; uye akabereka Koriandumu, uye Koriandumu akagara muutapwa mazuva ake ose; uye akabereka Komu.

32 Uye zvakaitika kuti Komu akakwezva chikamu cheuma-

mbo. Uye akatonga chikamu cheumambo uhwu kwemakumi mana emakore anemaviri; uye akanorwisana namambo, Amugidhi, uye vakarwa kwemakore mazhinji, munguva iyi Komu akakunda Amugidhi, uye akabva atora umambo hwose.

33 Uye mumazuva aKomu munyika makatanga kuve nemakororo; uye akashandisa urongwa hwakare, uye akaitisa “mhiko netsika yepasi chigare uye akatsvaka kuparadza umambo.

34 Zvino Komu akaarwisa zvikuru; zvakadaro, haana kuvakunda.

CHITSAUKO 11

Hondo, kupandukirana, zve nehupi zvinokura muupenyu hwemaJaredhi— Vaporofita vanofembera kuparadzwa zvachose kwemaJaredhi kunze kwokunge vatendeuka— Vanhu vanoramba mazwi emaporofita.

UYE kwakauryawo mumazuva aKomu vaporofita vazhinji, uye vakaporofita kuparadzwa kwerudzi rwukuru urwu kunze kwekunge vatotendeuka, uye vadzokera kuna Ishe, uye vosiya kuponda nehupi hwavo.

2 Uye zvakaitika kuti vaporofita vakarambwa nevanhu, uye vakatizira kuna Komu kuti vadzivirirwe, nokuti vanhu vai-tsvaka kuvaparadza.

3 Uye vakaporofita kuna Komu zvinhu zvizhinji; uye

akaropafadzwa mumazuva aka-
nga asara eupenyu hwake.

4 Uye akararama akakwegura
zvakanakawo, uye akabereka
Shibhuromu; uye Shibhuromu
akatonga munzvimbo make.
Uye mukoma waShibhuromu
akamupandukira, uye mukata-
nga kuve nehondo huru kwa-
zvo munyika yose.

5 Uye zvakaitika kuti mukoma
waShibhuromu akaita kuti vose
vaporofita vaiporofita nezveku-
paradzwa kwevanhu vauraiwe.

6 Uye kwakave nedambudzi-
ko guru munyika yose, nokuti
vakanga vapupura kuti kutu-
kwa kukuru kuchauya munyika,
nekuvanhuwo, nokuparadzwa
kukuru pakati pavo, kusati
kwamboonekwa pamusoro pe-
nyika, uye mapfupa avo achaita
“semirwi yevhu pamusoro pe-
nyika kunze kwekunge vate-
ndeuka kubva muupi hwavo.

7 Uye havana kuteerera shoko
raIshe, pamusana pezvikwata
zvavo zvakaipa; nokudaro,
kwakatanga kuve nehondo
nekupesana munyika yose, ne-
nzara nezvirwere, zvekuti kwa-
kave nokuparadzwa kukuru,
zvisina kumbenge zvakaone-
kwa pamusoro penyika; uye
zvose izvi zvakaitika mumazuva
aShibhuromu.

8 Uye vanhu vakatendeuka
mukuipa kwavo; uye zvekuti
nokutendeuka kwavaiita Ishe
vaivanzwira “tsitsi.

9 Uye zvakaitika kuti Shi-
bhuromu akauraiwa, uye Seti

akaiswa muutapwa uye akagara
muutapwa mazuva ake ose.

10 Uye zvakaita kuti Ahaha,
mwanakomana wake, akatora
umambo; uye akatonga vanhu
mazuva ake ose. Uye akaita
zvakaipa zvakasiyana-siyana
mumazuva ake, zvakaita kuti
kuve nekudeuka kweroza zhi-
nji; uye mazuva ake aive
mashoma.

11 Uye Etemu, sechizvarwa
chaAhaha, akatora umambo;
uye naiyewo akaita izvo zvakai-
pa mumazuva ake.

12 Uye zvakaitika kuti muma-
zuva aEtemu kwakauya vapo-
rofiti, vakawanda, uye vakapo-
rofiti vanhu zvakare; hongu,
vakaporofita kuti Ishe vacha-
vaparadza zvachose kubva
pamusoro penyika kunze kwe-
kunge vatendeuka mukutadza
kwavo.

13 Uye zvakaitika kuti vanhu
vakaomesa mwoyo yavo, uye
vakaramba “kuteerera kumazwi
avo; uye maporofita vakachema
vakabva vabva mukati me-
vanhu.

14 Uye zvakaitika kuti Etemu
akatonga neuipi mazuva ake
ose; uye akabereka Moroni.
Uye zvakaitika kuti Moroni
akatonga munzvimbo yake; uye
Moroni akaita izvo zvakanga
zvakaipa pamberi palshe.

15 Uye zvakaitika kuti paka-
muka “kupanduka pakati peva-
nhu, pamusana pechikwata
chiye chemuruvande chakaiti-
rwa kuwana nekutora simba;

uye kukabuda murume mukuru mukutadza pakati pavo, uye akarwisa Moroni, uye akapunza chikamu cheumambo; uye akachengeta chikamu cheumambo ichi kwemakore mazhinji.

16 Uye zvakaitika kuti Moroni akamubvisa, uye akatora umambo zvakare.

17 Uye zvakaitika kuti kwakaita mumwe murume anotyisa zvakare; uye akanga ari wechizvarwa chemukoma waJaredhi.

18 Uye zvakaitika kuti akabvisa Moroni uye ndokutora umambo; nokudaro, Moroni akagara muutapwa mazuva ose akanga asara eupenyu hwake; uye akabereka Koriando.

19 Uye zvakaitika kuti Koriando akagara muutapwa mazuva ake ose.

20 Uye mumazuva aKoriando kwakauyawa vaporofita vazhinji, uye vakaporofita zvinhu zvikuru zvinoshamisa, uye vakachema rutendeuko kuvanhu, uye kunze kwekunge vatendeka Ishe Mwari ^avanovatongera kuparadzwa zvachose.

21 Uye kuti Ishe Mwari vanozotumira kana kuunza ^avamwe vanhu kuzatora nyika, nesimba rake, netsika yavakaunza nayo madzibaba avo.

22 Uye vakaramba ose mazwi evaporofita, pamusana pezvikwata zvavo zvekavere-vere uye neupi hwavo hwakanyanya.

23 Uye zvakaitika kuti

Koriando akabereka ^aEta, uye ndokubva afa, ari akanga agara muutapwa upenyu hwake hwose.

CHITSAUKO 12

Muporofita Eta anokurudzira vanhu kuti vatende muna Mwari—Moronai anotaura zwishamiso nezvinoshamisa zvinoitwa nerutendo—Rutendo rwakaita kuti mukoma waJaredhi aone Kristu—Ishe vanopa vanhu kushaya simba kuti vazvirereke—Mukoma waJaredhi akasimudza Gomo Zerini nerutendo—Rutendo, ruvimbo, nerudo rwakadzama ndizvo zvinodiwa muruponeso—Moronai akaona Jesu vakatarisana.

UYE zvakaitika kuti mazuva aEta aive mumazuva aKorianduma; uye ^aKorianduma aive mambo wenyika yose.

2 Uye ^aEta aive muporofita waIshe; nokudaro Eta akauya mumazuva aKorianduma, uye akatanga kuporofita kuvanhu, nokuti haaikwaniswa ^bkurambidzwa pamusana peMweya waIshe wakanga uri maari.

3 Nokuti ^aaichema kubvira mangwanani, kana kusvika mukunyura kwezuva, achikurudzira vanhu kuti vatende kuna Mwari mukutendeka nokuti ^bvangazoparadzwa, achiti kwavari ^cnerutendo zvose zvinhu zvinozadzikiswa—

4 Nokudaro, ani zvake

20a NKM Kutonga.

21a Eta 13:20–21.

23a Eta 1:6; 15:33–34.

12 1a Eta 13:13–31.

2a NKM Eta.

b Jer. 20:9;

Eno. 1:26;

Aruma 43:1.

3a D&Z 112:5.

b Eta 11:12, 20–22.

c NKM Rutendo.

anotenda kuna Mwari anogona kuve nechokwadi “netarisiro yenyika iri nani, hongu, kana nzvimbo kurudyi rwaMwari, iri tariro inouya nerutendo, uchive ^bmusimbotti kumweya yevanhu, zvinovaita kuti vave nechokwadi uye vasimbe, vakawanza mabasa ^cakanaka nguva dzose, vachitungamirirwa ^dmukurumbidza Mwari.

5 Uye zvakaiteka kuti Eta akaporofita zvinhu zvikuru nezvinoshamisa kuvanhu, zvavasina kutenda, nokuti vakanga vasingazvione.

6 Uye zvino ini Moronai, ndinotaura maererano nezvinhu izvi; ndingaraidze kunyika kuti “rutendo zvinhu ^bzvinotarirwa uye ^czvisingaonekwe; nokudaro musaite nharo nokuti hamuzi kuzviona, nokuti hamuwane umbowo kudakara rutendo rwenyu ^drwaedzwa.

7 Nokuti rwaive rutendo rwaikaita kuti Kristu azviratidze kumadzibaba edu, mushure mekunge amuka muvafi; uye haana kuzviratidza kwavari kudakara vave nerutendo maari, nokudaro, zvinoreva kuti vamwe vaive nerutendo maari, nokuti haana kuzviratidza kunyika.

8 Asi pamusana perutendo rwevanhu akazviratidza kunyi-

ka, uye akarumbidza zita raBaba, uye akagadzira nzira kuti vamwe vagove vadyi vechipo chekudenga, kuti vatarisire zvasvasati vaona.

9 Nokudaro, nemiwo makafanira kuve netariro, uye mugove vadyi vechipo, kana mukangoita rutendo chete.

10 Tarisai rwaive rutendo rwaikaita kuti vekare “vadaidzwe muhurongwa hutsvene hwaMwari.

11 Nokudaro, nerutendo mutemo waMosesi wakapiwa. Asi muchipo cheMwanakomana wavo Mwari vakagadzira imwe nzira “yakanyanya kunaka; uye rutendo rwaikaita kuti zvizadzikiswe.

12 Nokuti kana pasina “rutendo muvana vevanhu Mwari havagone kuita ^bchishamiso mukati mavo; nokudaro, havana kuzviratidza kudakara vave nerutendo.

13 Tarisai, rwaive rutendo rwaAruma naAmureki rwaikaita kuti “tirongo rikoromokere pasi.

14 Tarisai, rwaive rutendo rwaNifai naRihai rwakauyisa “kushanduka kwemaRamani, zvekuti vakabhabhatidzwa nemoto neMweya ^bMutsvene.

15 Tarisai, rwaive rutendo “rwaAmoni nehama dzake

4a NKM Tariro.
b VaH. 6:19.
c I VaKori. 15:58.
d 3 Ni. 12:16.
6a VaH. 11:1.
b VaR. 8:24–25.
c Aruma 32:21.
d 3 Ni. 26:11;

D&Z 105:19; 121:7–8.
10a Aruma 13:3–4.
NKM Akadaidzwa naMwari.
11a I VaKori. 12:31.
12a 2 Ni. 27:23;
Mosaya 8:18;
Moro. 7:37;

D&Z 35:8–11.
b Mat. 13:58;
Morm. 9:20.
13a Aruma 14:26–29.
14a Hir. 5:50–52.
b Hir. 5:45;
3 Ni. 9:20.
15a Aruma 17:29–39.

^brwakaunza chishamiso chikuru kumaRamani.

16 Hongu, kana avo vose vakaita “zvishamiso vakazviita ^bnerutendo, kana avo vakanga varipo Kristu asati auya neavowo vakauya shure kwake.

17 Uye rutendo rwakaita kuti vadzidzi vatatu vavimbiswe kuti ^ahavazofa; uye havana kuvimbiswa izvi kudakara vave neruvimbo.

18 Uye hakuna kana panguva ipi zvayo akamboita zvishamiso asina kutanga aratidza rutendo; nokudaro vakatanga vatenda muMwanakomana waMwari.

19 Uye kwaive nevashinji vai-ve nerutendo rwakasimba zviku-ru, kana Kristu ^aasati auya, vasina kuchengetwa vari kunze ^bkwechidzikatidzo, asi zvirokwazvo vakaona nemaziso avo zvinhu zvavakanga vaona neziso rerutendo, uye vakafara.

20 Uye tarisai, taona muzvinyorwa zvino kuti mumwe wavo mukoma waJaredhi; nokuti rutendo rwake rwaive rwukuru muna Mwari, zvekuti Mwari pavakaisa ^amunwe wavo havana kuuvanza kuti usaonekwe nemukoma waJaredhi, pamusana peshoko ravakanga vataura kwaari, shoko iri riri raakanga awana nerutendo.

21 Uye mushure mekunge mukoma waJaredhi aona munwe

washe, pamusoro “pekuvimbis-
swa kwakanga kwaitwa muko-
ma waJaredhi pamusana peru-
tendo, Ishe havana kuzogona
kumuvanzira kana chimwe chi-
nhu; nokudaro vakamuratidza
zvinhu zvose, nokuti akanga
asisagone kuchengetwa ari
kunze ^bkwechidzikatidzo.

22 Uye rutendo rwakaita kuti madzibaba angu “vavimbiswe kuti zvinhu izvi zvichauya kuhama dzavo nekumaJentairi; naizvozvo Ishe vanditudza ini, hongu, kunyange Jesu Kristu.

23 Uye ndakati kwavari: Ishe maJentairi achaseka zvinhu izvi, pamusana “pekusasimba kwedu mukunyora; nokuti Ishe makatiita vakuru mukutaura mazwi nerutendo, asi hamuna kutiita ^bvakuru mukunyora; nokuti makaita vanhu vose kuti vagone kutaura chaizvo, nekuda kweMweya Mutsvene uyo wamakavapa;

24 Uye makatiita kuti tinyore zvishoma-shoma, pamusana pekuipa kwemaoko edu. Tarisai, hamuna kutiita vakuru “muku-
kunyora sezvamakaita mukoma waJaredhi, nokuti makamuita kuti zvinhu zvaakanyora zviku-
kure kana sekuita zvamakaita, kuita kuti vanhu vazviverenge.

25 Makaitawo kuti mazwi edu ave nesimba uye ari makuru, kana tisingagone kuanyora;

15^b NEMAMWE MAZWI sekutaurwa kwazvakaitwa munaAruma, zvitsauko 17–26.

16^a NKM Chishamiso. ^b VaH. 11:7–40.

17^a 3 Ni. 28:7;

Morm. 8:10–12.

19^a 2 Ni. 11:1–4;
Jak. 4:4–5;
Jar. 1:11;
Aruma 25:15–16.

^b Eta 3:6.

NKM Chidzitiro.

20^a Eta 3:4.

21^a Eta 3:25–26.

^b Eta 3:20;
D&Z 67:10–13.

22^a Eno. 1:13.

23^a Morm. 8:17; 9:33.

^b 2 Ni. 33:1.

24^a NKM Mutauro.

nokudaro, kana tave kunyora tinobva taona kusasimba kwe-du, uye tonetsekana nekuronga mazwi edu; uye ndinotyia kuti majentairi “achaseka mazwi edu.

26 Uye zvino pandakange ndataura izvi, Ishe vakataura kwandiri, vachiti: Zvirema “zvino-seka, asi vachachema; uye nyasha dzangu dzakakwana kune vanyoro, kuti havazoita zvinhu pamusana pekusasimba kwenyu;

27 Uye kana vanhu vakauya kwandiri ndichavaratidza “kusasimba kwavo. ^bNdinopa kuvanhu kushaya simba kuti vave vakapfava; uye ^cnyasha dzangu dzinokwana kuvanhu vose ^dvanozvininipisa pamberi pangu, nokuti kana vakazvirereka pamberi pangu, uye vaine rutendo mandiri, zvino ndichaita kuti ^ezvisina simba zvive nesimba kwavari.

28 Tarisai, ndicharatidza kumajentairi kusasimba kwavo, uye ndicharatidza kwavari kuti ^arutendo, ruvimbo nerudo rwakadzama zvinounza kwandiri—chisipiti chekururama kwose.

29 Uye ini Moronai, ndanzwa mazwi aya, ndakanyaradzwa, uye ndikati: Imi Ishe, kuda kwenyu kwakarurama ngakuitwe, nokuti ndinoziva kuti munoshanda muvana vevanhu maererano nerutendo rwavo;

30 Nokuti mukoma waJaredhi akati kugomo Zerini, “Ibva—uye rikabva. Uye dai akanga asina rutendo ringadai risina kubva; nokudaro munoshanda kana vanhu vave nerutendo.

31 Nokuti ndiko kuzviratidza kwamakaita kuvadzidzi venyu; nokuti pavakanga vave ^anerutendo, uye vachitaura nemuzita renyu, imi makabva mazviratidza kwavari nesimba guru.

32 Uye ndinoyeukawo kuti makati makagadzirira munhu imba, hongu, kana pakati ^apezvimbo-makuru aBaba venyu, umo munoita kuti munhu ave ^bnetariro yakanyanya kunaka; nokudaro munhu anofanira kutarisira, kana kuti haangazogashira nhaka munzvimbo yamakagadzira.

33 Uye zvakare, ndakarangarira kuti makati ^amakada nyika, kana kusvika pakupa upenyu hwenyu kuti mufire nyika, kuti mungahutore zvakare kuti mugogadzirira nzvimbo vana vevanhu.

34 Uye zvino ndave kuziva kuti ^arudo urwu rwamuinarwo kuvana vevanhu rudo rwakadzama; nokudaro, kunze kwekunge vanhu vave nerudo rwakadzama havagone kugara nzvimbo iya yamakavagadzirira muzimba guru raBaba venyu.

35 Nokudaro, ndinoziva nech-

25a I VaKori. 2:14.

26a VaG. 6:7.

27a Jak. 4:7.

^b Eks. 4:11;

I VaKori. 1:27.

^c NKM Nyasha.

^d Ruka 18:10–14;

D&Z 1:28.

NKM Akazvininipisa.

^e Ruka 9:46–48;

II VaKori. 12:9.

28a I VaKori. 13:1–13;

Moro. 7:39–47.

30a Mat. 17:20; Jak. 4:6;

Hir. 10:6, 9.

NKM Simba.

31a NKM Rutendo.

32a Joh. 14:2; Eno. 1:27;

D&Z 72:4; 98:18.

^b NKM Tariro.

33a Joh. 3:16–17.

34a Moro. 7:47.

NKM Rudo

Rwakadzama; Rudo.

nhu ichi chamataura, kuti kana maJentairi asina rudo rwakadzama, pamusoro pekusasimba kwedu, kuti muchavaratidza, uye movatorera ^achipo chavo, hongu, kana icho chavakanga vatogashira, uye mopa avo vazhawana zvakanyanya.

36 Uye zvakaitika kuti ndakanamata kuna Ishe kuti vanzwire maJentairi ^anyasha, kuti vave nerudo rwakadzama.

37 Uye zvakaitika kuti Ishe vakati kwandiri: Kana vasina rudo rwakadzama hazvinei kwauri, iwe une rutendo; nokudaro, nhumbi dzako ^adzichacheneswa. Uye pamusana pekuti waona ^bkusasimba kwako uchasingbiswa, kana kusvika mukugara munzvimbo iyo yandakagadzira muzimba guru raBaba vangu.

38 Uye zvino ini Moronai, ndinooneka maJentairi, hongu, nekuhama dzanguwo dzandinoda, kudakara tasangana pamberi pechigarro ^achekutonga chaKristu, apo pachaziva vose vanhu kuti ^bnhumbi dzangu hadzina kusvibiswa neropa renyu.

39 Uye zvino ndipo pamuchaziva kuti ^andakaona Jesu, nekuti akataura neni ^btakatarisana, nokuti akanditaurira nokupfava kuri pachena, sekutaura kunoita munhu kune mumwe nemururimi rwangu, maererano nezvinhu izvi;

40 Uye ndakanyora mashomanani chete, pamusana pekutadza kunyora kwangu.

41 Uye zvino, ndinokukurudzirai kuti ^amutsvake iye Jesu uyu akanyorwa nezvake neva-profita nevaopositori, kuti nyasha dzaMwari Baba, naiyewo Ishe Jesu Kristu, neMweya Mutsvene, ^bunopupura nezvavo, ungave uye uogara mamuri nariini. Amenii.

CHITSAUKO 13

Eta anotaura nezveJerusarema Idzva ichavakwa muAmerica nembu yaJosefa—Anoporofita, anokandwa kunze, anonyora rungano rwemaJaredhi, uye ndokutaura kuparadzwa kuchaitwa maJaredhi—Hondo inopisa munyika yose.

UYE zvino ini Moronai, ndinenda mberi kuti ndipedze zvinyorwa zvangu pamusoro pekuparadzwa kwevanhu vandanga ndichinyora nezvavo.

2 Nokuti tarisai, vakaramba ose mazwi aEta; nokuti zvirokwazvo akavaudza nezvezvinhu zvose, kubvira pakutanga kwemunhu; nokuti mushure mekunge mvura ^adzapera pamusoro penyika iyi yakave nyika yakanaka kupfuura dzimwe nyika dzose, nyika yakasarudzwa naIshe; nokudaro Ishe

35a Mat. 25:14–30.

NKM Chipu; Tarenta.

36a NKM Nyasha.

37a D&Z 38:42; 88:74–75; 135:4–5.

^b Eta 12:27.

38a NKM Jesu Kristu—

Mutongi.

^b Jak. 1:19.

39a NKM Jesu Kristu—

Kuwonekwa

kwaKristu mushure

mekufa.

^b Gen. 32:30;

Eks. 33:11.

41a D&Z 88:63; 101:38.

^b 3 Ni. 11:32.

13 2a Gen. 7:11–24; 8:3.

vakada kuti vose vanhu vachagara munyika umu vanofanira ^bkumushandira;

3 Uye nokuti yaive nzvimbo yeJerusarema ^aIdzva, ^brichauya richabva kudenga, uye iri nzvimbo tsvene yaIshe.

4 Tarisai, Eta akaona mazuva aKristu, uye akataura nezveJerusarema ^aIdzva munyika muno.

5 Uye akataurawo nezvembayaIsraeri, ^aneJerusarema kwai-zobva ^bRihai—mushure mekunge raparadzwa raizovakwa zvakare, guta ^cdzvene kuna Ishe; nokudaro, haraizove Jerusarema idzva nokuti rakanga ririko munguva yakare; asi richavakwa zvakare, uye rove guta dzvene raIshe; uye richavakwa kumba kwaIsraeri—

6 Uye kuti Jerusarema ^aIdzva richavakwa munyika ino, kune vakasara vembeu ^byaJosefa, zviri zvinhu zvagara zviine ^cchiratidzo.

7 Uye Josefa akaunza baba vake kunyika ^ayeEgipita, kana izvozvo akafirako; naizvozvo Ishe vakaunza vakasara vembeu yaJosefa kubva munyika yeJerusarema, kuti vave netsitsi kumbeu yaJosefa kuti ^bvasafe,

kana zvavakaitira baba vaJosefa tsitsi zvekuti vasafe.

8 Nokudaro, vakasara vemba yaJosefa vachavakwa ^amunyika ino; uye ichave nyika yenhaka yavo; uye ivo vachavaka guta dzvene kuna Ishe, seJerusarema rakare; uye ^bhavachazovhiringidzwa zvakare, kudakara kuguma kwauya pachapfuura nyika.

9 Uye kuchave nedenga ^aidzva nenyika itsva; uye zvichangoita sezvakare chete zvakare zvinenge zvapakfuura, uye zvose zvinhu zvinenge zvave zvitsva.

10 Uye zvino kwobva kwauya Jerusarema Idzva; uye vakaropafadzwa avo vanogara mariri, nokuti ndivo ivavo vane nhumbi ^adzakachena pamusana peropa reGwayana; uye ndivo ivavo vanoverengerwa mune vakasara vembeu yaJosefa, vakanga vari vemba yaIsraeri.

11 Uye ipapo pobva pauryawo Jerusarema rekare; uye vagari vemo, vakaropafadzwa, nokuti vakagezwa muropa reGwayana; uye ndivo vaye vakanga vakapararira uye ^avakaunganidzwa kubva kumativi mana enyika, nekubva kunyika ^bdzekucha-

2b Eta 2:8.

3a 3 Ni. 20:22; 21:23–24.

NKM Jerusarema
Idzva.

b Zvaka. 3:12; 21:2.

4a NKM Zioni.

5a NKM Jerusarema.

b 1 Ni. 1:18–20.

c Zvaka. 21:10;

3 Ni. 20:29–36.

6a D&Z 42:9; 45:66–67;
84:2–5;

Mis. yeCh. 1:10.

b NKM Josefa,
Mwanakomana
waJakobo.

c Aruma 46:24.

NKM Zvemuchere-
chedzo.

7a Gen. 46:2–7; 47:6.

b 2 Ni. 3:5.

8a NKM Nyika
yeChipikirwa.
b Moro. 10:31.

9a II Pet. 3:10–13;

Zvaka. 21:1;

3 Ni. 26:3;

D&Z 101:23–25.

10a Zvaka. 7:14;

1 Ni. 12:10–11;

Aruma 5:27.

11a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

b D&Z 133:26–35.

mhembe, uye vari vadyi veku-zadzikiswa kwechibvumirano icho chakaitwa naMwari nababa vavo ‘Abrahama.

12 Uye kana zvinhu izvi zvouya, zvinozadzikisa gwaro rinoti, ndivo vakanga vari “vekutanga, vachave vekupedzisira; uye ndivo vakanga vari vekupedzisira, vachave vekutanga.

13 Uye ndange ndave kuda kunyora zvimwe, asi ndiri kurambidzwa; asi zviporofita zvaEta zvaive zvikuru zvinoshamisa; asi vakanga vasingamuverenge sechinhu, uye vakamukanda kunze; uye aihwanda mubako redombo masikati, uye aienda achitarisa zvinhu zvaida kuuya kuvanhu.

14 Uye zvaakanga agere mubako iri akanyora zvakanga zvasara muzvinyorwa zvino, achitarisa kuparadzwa kwaiuya pavanhu, neusiku.

15 Uye zvakaitika kuti mugore rakarero raakanga akandwa kunze kubva muvanhu kwakatanganga kuve nehondo huru pakati pevanhu, nokuti kune vazhinji vakamuka, vakanga vari vanhu vaityisa, vaitsvaka kuparadza Korianduma nezvikwata zvavo zvekavere-vere zveupi, izvo zvambotaurwa nezvazvo.

16 Uye zvino Korianduma, adzidza, pachake, muzvinhu zvose zvehondo neudzvotsvo hwise hwemunyika, nokudaro akavarwiswa avo vaida kumuparadza.

17 Asi haana kutendeuka, kana vanakomana vake vakanga vanakasisa kana vanasikana vake; kana vanakomana nevanasikana vakanakisisa vaKoho; kana vanakomana nevanasikana vakanakisisa vaKoriho; uye muchidimbu, hakuna mwanakomana kana mwanasikana pamusoro penyika yose akatendeuka muzvitema zvavo.

18 Nokudaro, zvakaitika kuti mugore rekutanga rakagara Eta mubako, kune vanhu vazhinji vakauraiwa nemunondo wezvkwata zviye “zvemuruvande, vairwisa Korianduma kuti zvimwe vangatore umambo.

19 Uye zvakaitika kuti vanakomana vaKorianduma vakarwa zvikuru uye vakarasa ropa rakawanda.

20 Uye mugore rechipiri shoko raIshe rakauya kuna Eta, kuti aende anoporofita kuna “Korianduma kuti, kana akatendeuka, nemba yake yose, Ishe vaizomupa umambo hwake nokuponesa vanhu —

21 Nokuti angangoparadzwa, nemhuri yake yose kunze kwake iye pachake. Uye achangorarama chete kuti aone kuzadzikiswa kwezviporofita zvakanga zvakataurwa maererano “nevamwe vanhu vaitambira nyika senhaka yavo; uye Korianduma akafanira kugashira kuvigwa navo; uye wose mweya uchaparadzwa kunze ^bkwaKorianduma.

11c NKM Chibvumirano chaAbrahama.

12a Marko 10:31;
1 Ni. 13:42; Jak. 5:63;

D&Z 90:9.

18a Eta 8:9–26.

20a Eta 12:1–2.

21a Omu. 1:19–21;

Eta 11:21.

^b Eta 15:29–32.

22 Uye zvakaitika kuti Korianduma haana kutendeuka, kana imba yake, kana vanhu; uye hondo hadzina kupera; uye vakatsvaka kuuraya Eta, asi akatiza akanohwanda zvakare mubako.

23 Uye zvakaitika kuti kwakamuka Sharedhi, naiyewo akarwisa Korianduma; uye akamukunda, zvekuti mugore rechitatu akamuvisa muutapwa.

24 Uye vana vaKorianduma, mugore rechina, vakakunda Sharedhi, uye vakatora umambo zvakare vakahupa baba wavo.

25 Zvino kwakatanga kuve nehondo pamusoro penyika yose, wose munhu nechikwata chake achirwira icho chainge chichidiwa naye.

26 Uye kwaive nemakororo, uye muchidimbu, kwakaita hwose uipi pamusoro penyika.

27 Uye zvakaitika kuti Korianduma akashatirirwa Sharedhi zvikuru, uye akaenda nemauto ake kunomurwisa; uye vakasangana vose vaine hashu dzakanyanzira, uye vakasangana munhika yeGirgari; uye hondo yacho ikarwadza zvikuru.

28 Uye zvakaitika kuti Sharedhi akamurwisa kwemazuva matatu. Uye zvakaitika kuti Korianduma akamukurira, uye akamutandanisa kudakara asvika kumarenje eHeshironi.

29 Uye zvakaitika kuti Sharedhi akamurwisa zvakare ave mumarenje; uye tarisai, akakurira Korianduma, uye ndoku-

mutinhira zvakare kunhika yeGirgari.

30 Uye Korianduma akarwisa zvakare Sharedhi munhika yeGirgari, maakakunda Sharedhi akabva amuuraya.

31 Uye Sharedhi akakuvadza Korianduma pachidya, zvekuti haana kuenda kuhondo zvakare kwemakore maviri, munguva iyoyo yose vanhu pamusoro penyika vakanga vachideura ropa, uye pakanga pasina aivarambidza.

CHITSAUKO 14

Zvitadzo zvevanhu zvinoita kuti nyika itukwe—Korianduma anoita hondo naGireadi, naRibhi, naShizi—Ropa nekudeuka kwaro kunozadza nyika.

UYE zvino kwakatanga kuve “nekutukwa kwenyika kukuru pamusana pekutadza kwevanhu, zvekuti munhu aiti akaisa chinhu chake kana munondo wake panzvimbo yawo, kana panzvimbo paaiwuchengetera, tarisai, mangwana acho, haairwana, ndiko kukura kwekutukwa kwakanga kuri munyika.

2 Nokudaro wose munhu akatobatisa icho chaive chake, nemaoko ake, uye haaimbochikumbidza kana iye kukumbira; uye wose murume aigara chipakatiro chemunondo wake chiri muruoko rwake rwerudyi mukudzivirira zvinhu zvake neupenyu hwake nehwevaka-dzi vake nevana.

3 Uye zvino, mushure memakore maviri, uye mushure mekufa kwaSharedhi, tarisai, kwakamuka munin'ina waSharedhi uye akarwisana naKorianduma, maakakundwa naKorianduma uye akamutandanisa kusvika kurenje raAkishi.

4 Uye zvakaitika kuti munin'ina waSharedhi akamurwisa ari murenje raAkishi, uye hondo ikarwadza zvikuru, uye zviuru zvizhinji zvikapunzwa nemunondo.

5 Uye zvakaitika kuti Korianduma akakomba renje; uye munin'ina waSharedhi akaenda usiku achibuda murenje, uye akauraya chimwe chidimu chemauto aKorianduma, uye vakanga vakararadza.

6 Uye ndokubva auya kunyika yeMoroni, uye ndokuzviisa pachigaro chekutonga chaKorianduma.

7 Uye zvakaitika kuti Korianduma akagara nemauto ake murenje kwemakore maviri, munguva iyoyi akatambira kusimbiswa kukuru kumauto ake.

8 Zvino munin'ina waSharedhi, ainzi Gireadi, naiyewo akagashira kusimbiswa kukuru kwemauto ake, pamusana pezvikwata zvemuruvande.

9 Uye zvakaitika kuti mupirisita wake wepamusoro akamuponda agere pachigaro chake chekutonga.

10 Uye zvakaitika kuti mumwe wechikwata chemuruvande akamuponda mune mumwe mupata wakavanzika, uye ndokubva atora umambo; uye zita rake rainzi Ribhi; uye Ribhi aive

rume hombe, kupfuura vose vamwe varume pakati pevanhu vose.

11 Uye zvakaitika kuti mugore rekutanga raRibhi Korianduma akauya kunyika yeMoroni, uye akasvikorwisa Ribhi.

12 Uye zvakaitika kuti akarwa naRibhi, mukudaro Ribhi akarova ruoko rwake zvekuti akabva akuvara; zvakadaro, mauto aKorianduma akaramba achiennda kuna Ribhi, zvekuti akatizira kumuganhu wegungwa.

13 Uye zvakaitika kuti Korianduma akamutevera; uye Ribhi akamurwisa ave pedyo negungwa.

14 Uye zvakaitika kuti Ribhi akakurira mauto aKorianduma zvekuti vakatizira zvakare kurenje reAkishi.

15 Uye zvakaitika kuti Ribhi akamutevera kudakara vasvika kumarenje eAgoshi. Uye Korianduma akanga atora vanhu vose zvaaitiza Ribhi kudivi renyika iroro raaitiza naro.

16 Uye paakanga asvika kumarenje eAgoshi akarwisa Ribhi, uye akamubaya kudakara afa; zvakadaro, munin'ina waRibhi akauya kuzorwisa Korianduma munzvimbo memukoma wake, uye kurwa kukarwadza zvikuru, mukudaro Korianduma akatiza zvakare mauto emunin'ina waRibhi.

17 Zvino zita remunin'ina waRibhi rainzi Shizi. Uye zvakaitika kuti Shizi akatevera Korianduma, uye akaparadza maguta mazhinji, uye akauraya vakadzi zvose nevana, uye akapisa maguta acho.

18 Uye kwakave nokutya Shizi munyika yose; hongu, kwakabuda chichemo munyika yose—ndiani angagona kurwisa mauto aShizi? Tarisai, anokukura nevhu rose pamberi pake!

19 Uye zvakaitika kuti vanhu vakatanga kufamba pamwechete semauto, kwose munyika yose.

20 Uye vakanga vakapatsanurana; vamwe vavo vakatizira kumauto aShizi, uye vamwe vakatizira kumauto aKorianduma.

21 Uye hondo yakanga yakura zvekuti yakatora nguva huru, zvekuti kudeuka kwerope nekuparadzwa, pamusoro penyika yose zvekuti nyika yose yakanga yakati kata-kata “nemitumbi yevakafa.

22 Uye hondo iyi yaikurumidzwa zvekuti hakuna vakasara kuti vavige vainge vafa, asi vaifamba kubva mukudeura ropa vachienda kunodeura ropa, vachisiya zvitunha zvose zvevakadzi, varume nezvevana zvakangoti kata-kata pamusoro penyika, pazvaisiwa zviri kuti zvizove nyama “yehonye.

23 Uye kunhuwa kwacho kwakavepo pamusoro penyika, kana pamusoro penyika yose; nokudaro vanhu waitambudzika siku nesikati nekunhuwa kwacho.

24 Zvakadaro, Shizi haana kumira kutevera Korianduma; nokuti akanga atsidza kuti anotsividza ropa remukoma wake pana Korianduma akanga amuuraya, uye neshoko raShe

rakauya kuna Eta richiti Korianduma haauraiwe nemunondo.

25 Uye saka tinoona kuti Ishe vakanga vavashanyira nehasha dzavo dzose, uye nehuipi hwavo neutsinye hwavo hwakanga hwazurura nzira yekuparadzwa kwavo kusingapere.

26 Uye zvakaitika kuti Shizi akatevera Korianduma kumbvazuva, kana kusvika kumiganhu negungwa, uye ikoko akarwisana naShizi kwemazuva matatu.

27 Uye mauto aShizi akauraiwa zvakaipa zvekuti akatanga kutya, uye akatanga kutiza mauto aKorianduma; uye vakatizira kunyika yaKoriho, uye vakakukura vanhu vaive munzira mavo, vose avo vairamba kubatana navo.

28 Uye vakadzika matende avo munhika yeKoriho; uye Korianduma akadzika matende ake munhika yeShuri. Zvino nhika yeShuri yaive pedyo nechikomo cheKomuno; nokudaro, Korianduma akaunganidza mauto ake pachikomo cheKomuno, uye ndokuridza hwamanda achiridzira mauto aShizi achivakoka kuti vazorwa.

29 Uye zvakaitika kuti vakauya, asi vakatinhwa zvakare; uye vakauya kechipiri, uye vakatinhwa zvakare kechipiri. Uye zvakaitika kuti vakauya zvakare kechitatu, uye hondo ikabva yarwadza zvikuru.

30 Uye zvakaitika kuti Shizi akabaya Korianduma akamuita maronda mazhinji kwazvo aka-

dzika; uye Korianduma, uye akarasikirwa neropa rake, akarukutika uye akabva atakurwa seafa.

31 Zvino kurasikirwa nevarume, vakadzi nevana kumativi ose kwakanga kwakakura zvekuti Shizi akaudza vanhu vake kuti vasatandanise mauto aKorianduma; nokudaro, vakadzokera kumusasa wavo.

CHITSAUKO 15

Zviuru zvezviuru zvemaJaredhi zvinouraiwa muhondo—Shizi naKorianduma vanounganidza vanhu vose kuti vanourayana nekurwa—Mweya walshe unoregera kushanda navo—Rudzi rwemaJaredhi rwunoparadzwa zvachose—Korianduma chete ndiye anosara.

UYE zvakaitika kuti Korianduma paakanga apora maronda ake, akatanga kuyeuka “mazwi akanga ataurwa kwaari naEta.

2 Akaona kuti kwakange kwatove nevanhu vake vakanga vauraiwa nemunondo vangatoda kusvika mamirioni maviri, uye akatanga kusuwa mumwoyo make; hongu, kwakanga kwauraiwa zviuru zvezviuru zviviri zvmagamba evarume, nevakadzi vavo nevana vavo.

3 Akatanga kutendeuka kuzvitema zvaakanga aita; akatanga kurangarira mazwi akanga ataurwa nemiromo yemaporofita vose, uye akaona kuti kusvika nguva iyoyo akanga azadziki-swa, mune zvose; uye mweya

wake wakachema ukaramba kunyaradzwa.

4 Uye zvakaitika kuti akanyora tsamba kuna Shizi, achimukumbira kuti asauraye vanhu, uye iye aizorega umambo pamusana peupenyu hwevanhu.

5 Uye zvakaitika kuti Shizi paakatambira tsamba yake akanyorawo tsamba kuna Korianduma, akati kana iye akazvipira kuti iye amuuraye nemunondo wake, aizopa vanhu upenyu hwavo.

6 Uye zvakaitika kuti vanhu havana kutendeuka kuzvitadzo zvavo; uye vanhu vaKorianduma vakamutswa kuita hasha nevanhu vaShizi; uye vanhu vaShizi vakamutswa kuita hasha nevanhu vaKorianduma; nokudaro, vanhu vaShizi vakarwisa vanhu vaKorianduma.

7 Uye Korianduma paakaona kuti ave kuda kukurirwa akatiza vanhu vaShizi.

8 Uye zvakaitika kuti akauya kurwizi rweRipuriangumu, zvinoreva, zvadudzirwa rwukuru, kana kuti rwukuru kupfuura ose; nokudaro, pavakasvika pamvura idzi vakadzika matende avo; uye Shizi akadzikawo matende ake pedyo navo; uye naizvozvo mangwana acho vakauya kuzorwa.

9 Uye zvakaitika kuti vakarwa hondo yakarwadza kwazvo, iyo yakaita kuti Korianduma akuvadzwe zvakare, akakomoka zvakare nepamusana pekurasikirwa neropa.

10 Uye zvakaitika kuti mauto

aKorianduma akadzvinyirira zvikuru pamauto aShizi zvekuti vakavakunda, zvekuti vakaita kuti vavatize; uye vakatiza nechekumaodzanyemba, uye ndokubva vadzika mate nde avo munzvimbo yainzi Ogati.

11 Uye zvakaitika kuti mauto aKorianduma akadzika mate nde avo pachikomo chainzi Rama; uye ndicho chikomo chimwechetecho “makavigwa zvinyorwa nababa vangu Mormoni kuna Ishe, zvakanga zviriv zvaiera.

12 Uye zvakaitika kuti vakau nganidza vanhu vose pamwechete vakanga vasina kuuraiwa pamusoro penyika yose, kunze kwaEta.

13 Uye zvakaitika kuti Eta akaona kuita kwose kwevanhu; uye akaona kuti vanhu vaida Korianduma vakaungana pamwechete nemauto aKorianduma; uye vanhu vakanga vachida Shizi vakaungana pamwechete nemauto aShizi.

14 Nokudaro, kwemakore mana vakanga vachiunganidza vanhu pamwechete, kuti vatore vose vaive pamusoro penyika, uye kuti vangango wana simba rose raigona kuwanikwa.

15 Uye zvakaitika kuti pavakanga vaunganidzwa vose, munhu nemunhu kumauto aida, nevakadzi vavo nevana vavo—vose varume nevakadzi nevana vachipiwa zvombo zvehondo, vaine nhowo, “nezvidzitiro zvepazvipfuva, nezvidzitiro

zvemumisoro, uye vakapfekezwa zvehondo—vakaenderana vakarwisana; uye muswere wose zuva iroro, pasina akakundwa.

16 Uye zvakaitika kuti hwave usiku vakanga vaneta, uye vakabva vaenda kumisasa yavo; uye zvavakanga vaenda kumisasa yavo vakawuura uye vakanunyuta pamusana pekurasikirwa nevanhu vavo vakanga vauraiwa; uye vakachema zvikuru nokunyunyuta, zvekuti zvakazara mumhepo.

17 Uye zvakaitika kuti ave mangwana vakaenda zvakare kunorwa, uye rakave zuva rakatyisa zvikuru; zvakadaro, hakuna akakundwa, uye hwave usiku zvakare vakazadza mhepo nokuchema kwavo, nokuwuura kwavo, nokurungaira kwavo, pamusoro pekurasika kweavo vevanhu vavo vakanga vauraiwa.

18 Uye zvakaitika kuti Korianduma akanyora tsamba zvakare kuna Shizi, achimukumbira kuti asauye zvekare kuzorwa, asi kuti atore umambo arege kuparadza upenyu hwevanhu.

19 Asi tarisai, Mweya waIshe wakanga usisashande navo, uye “Satani akange ave nesimba mumwoyo yevanhu; nokuti vakanga vazvipira mukuoma kwemwoyo yavo, neupofu hwepfungwa dzavo kuti vave vanoparadzwa; nokudaro vakaenda zvakare kunorwa.

20 Uye zvakaitika kuti vakarwa muswere wose zuva iroro,

uye hwave usiku vakarara vakatsamhira minondo yavo.

21 Uye mangwana acho vakarwa kudakara kusvika usiku.

22 Uye hwave usiku vakange “vadhakwa nehasha, sezvinoita munhu adhakwa newaini; uye vakarara vakatsamhira minondo yavo zvakare.

23 Uye ramangwana vakarwa zvakare; uye pakauya usiku vose vakanga vafa kusara kwe-makumi mashanu nevaviri vevanhu vaKorianduma, nemakumi matanhatu nevapfumbamwe vevanhu vaShizi.

24 Uye zvakaitika kuti vakarara vakatsamhira minondo yavo usiku ihwohwo, uye ramangwana vakarwa zvakare, uye vakanetsana nesimba ravo neminondo yavo nenhoo dzavo, muswere wose zuva iroro.

25 Uye hwave usiku pakanga pasara makumi matatu nevaviri kuvanhu vaShizi, uye kuvanhu vaKorianduma kwakanga kwasara makumi maviri nevanhu vanomwe.

26 Uye zvakaitika kuti vakadya uye vakarara, uye vakagadzirira kufa ramangwana. Uye vakanga vari mazirume mahombe uye magamba makuru anesimba.

27 Uye zvakaitika kuti vakarwa kwenguva yaikwana maawa matatu, uye vakakomoka nokurasikirwa neropa.

28 Uye zvakaitika kuti vanhu vaKorianduma pavakanga vave nesimba rekuti vaikwanisa ku-

famba, vakanga vave kuda kuti vatize neupenyu hwavo; asi tarisai, Shizi akamuka, nevanhu vakewo, akatsidza mukushati-rwa kwake kuti achatouraya Korianduma kana kuti iye aizofa nemunondo.

29 Nokudaro, akavatevera, uye ramangwana racho akavabata; uye vakarwa zvakare neminondo. Uye zvakaitika kuti “vose pavakange vapunzwa nemunondo, kusara kwaKorianduma naShizi, tarisai Shizi akakomoka pamusana pekurasikirwa neropa.

30 Uye zvakaitika kuti Korianduma paakanga azendama munondo wake, achizorora zvishomanani, akadimbura musoro waShizi.

31 Uye zvakaitika kuti paakanga adimbura musoro waShizi, Shizi akaita seave kumuka ndokubva awira pakare; uye mushure mekuedza kuti awane mweya, akafa.

32 Uye zvakaitika kuti “Korianduma akawira pasi, uye akaita seasiri mupenyu.

33 Uye Ishe vakataura kuna Eta, vakati kwaari: Enda. Uye akaenda, uye akaona kuti mazwi alshe ose akanga azadzikiswa; uye akabva apedzisa “zvinyorwa zvake; (uye chidimu chezana handina kuchinyora) uye akazviviga netsika yazvakawanikwa zviri nevanhu vaRimukai.

34 Zvino mazwi ekupedzisira akanyorwa “naEta ndeaya: Kana

22a Moro. 9:23.

29a Eta 13:20-21.

32a Omu. 1:20-22.

33a Mosaya 8:9;

Aruma 37:21-31;

Eta 1:1-5.

34a Eta 12:2.

zvimwe Ishe vanoda kuti ndishandurwe, kana kuti ndinzwe chido chaIshe munyama, hazvi-

na mhosva, kana zviriro zvekuti ndaponeswa muumambo hwa-Mwari. Amenii.

BHUKU RAMORONAI

CHITSAUKO 1

Moronai anonyora kubatsira ma-Ramani—MaNifai ayo asingarambe Kristu anourayiwa. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVINO ini “Moronai, ndapedza kupfupikisa zvinyorwa zvevanhu vaJaredhi, ndakafunga kuti handifanire kunge ndichanyora zvimwe; asi handisati ndafa; handiite kuti ma-Ramani andizive nokuti vanga-ndiuraye.

2 Nokuti tarisai, “hondo dzavo pachavo dzinotyisa zvikuru; uye nokuda kworuvengo rwavo ^bvayiuraya chero muNifai asingarambe Kristu.

3 Uye ini Moronai, “handingarambe Kristu; nokudaro, handizivi kwandinokwanisa kuti ndichengetedze upenyu hwangu.

4 Nokudaro, ndinonyora zvimwe zvinhu zvishoma, zvisingawirirane neizvo zvandanga ndichifunga; nokuti ndanga ndafunga kuti ndisanyore; asi ndinonyora zvimwe zvinhu

zvishoma, kuti zvimwe zvingave zvinobatsira kuhama dzangu, maRamani, nerimwe zuva riri mberi, maererano nokuda kwaIshe.

CHITSAUKO 2

Jesu akapa vadzidzi vanegumi nevaviri vechiNifai simba rokupa chipo choMweya Mutsvene. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

MAZWI aKristu, ayo aakataura “kuvadzidzi vake, vanegumi nevaviri vaakasarudza, apo aiisa maoko pamusoro pavo—

2 Zve akavadaidza nemazita, achiti: Muchadaidza kuna Baba muzita rangu, mumunamato mukuru; shure kwekunge maita izvi muchave ^anesimba kuti kune uyo wamunenge maisa ^bmaoko pamusoro, ‘muchamupa Mweya Mutsvene; uye muzita rangu muchaupa, nokuti ndiko kuita kwavaapositori vangu.

3 Zvino Kristu akataura mazwi

[MORONAI]

1 1a NKM Moronai,
Mwanakomana
waMormoni.
2a 1 Ni. 12:20–23.

b Aruma 45:14.
3a Mat. 10:32–33;
3 Ni. 29:5.
2 1a 3 Ni. 13:25.
2a 3 Ni. 18:37.

b NKM Simba.
c NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.

aya kwavari panguva yokuzviratidza kwake kwokutanga; zve gungano harina kuzvinzwa, asi vadzidzi vakazvinzwa; kuna vose “vavakaisa maoko, Mweya Mutsvene wakauya pavari.

CHITSAUKO 3

Magosa anogadza vapirisita nevadzidzisi nokuwaisa maoko pamusoro. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

NZIRA iyo vadzidzi, vakadaidzwa kuve “magosa echechi, ^byavaigadzwa nayo vapirisita nevadzidzisi—

2 Shure kwokunge vanamata kuna Baba muzita raKristu, vakaisa maoko pamusoro pavo, vakati:

3 Muzita raJesu Kristu ndinokugadza kuti uve mufundisi (kana ari mudzidzisi, ndinokugadza kuti uve mudzidzisi) kuti uparidze kutendeuka “nokuregererwa kwezvivi kuburikidza naJesu Kristu, nokushingirira mukutenda muzita rake kusvika kumagumo. Amen.

4 Uye netsika iyi “vakagadza vapirisita nevadzidzisi, maererano ^bnezvipo nokudaidzwa naMwari kwevanhu; uye vakavagadza kuburikidza nesimba

roMweya Mutsvene, wakanga uri mavari.

CHITSAUKO 4

Kunamatira kunoita magosa nevapirisita chingwa chechirairo kunotsanangurwa. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

“NZIRA ^byemagosa nevapirisita vavo pakupa nyama neropa raKristu muchechi; “vaipa maererano nemurairo waKristu; nokudaro tinoziva kuti nzira iyi ndeye chokwadi; uye gosa kana mupirisita ndiye aipa—

2 Uye vaipfugama vose nechechi, vachinamata kuna Baba muzita raKristu, vachiti:

3 Mwari Baba Vokusingaperi, tinokukumbirai muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nekutsvenesa “chingwa ichi kumweya yeavo vose vanochidya; kuti vagochidya ^bmukurangarira muviri weMwanakomana wenyu, uye vapupure kwamuri, Mwari Baba Vokusingaperi, kuti vanoda kutora pavari “zita reMwanakomana wenyu, nokumurangarira nguva dzose, nokuchengeta mirairo yake iyo yaakavapa, kuti vave “neMweya wake nguva dzose. Amen.

3a Mabasa 19:6.

3 1a Aruma 6:1.

NKM Gosa.

^b NKM Gadza.

3a NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

4a D&Z 18:32; 20:60.

^b NKM Chipu.

^c 1 Ni. 13:37;

Moro. 6:9.

4 1a 3 Ni. 18:1-7.

^b NKM Gosa.

^c D&Z 20:76-77.

3a NKM Sakaramende.

^b Ruka 22:19;

I VaKori. 11:23-24;

3 Ni. 18:7.

^c NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

^d NKM Mweya
Mutsvene.

CHITSAUKO 5

Nzira yokunamatira nayo chirairo chewaini. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kweku-nge Kristu azvarwa.

“NZIRA yokunamatira nayo waini — Tarisai, vaitora mukombe, voti:

2 Mwari Baba Vokusingaperi, tinokukumbirai, muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nekutsvenesa “waini iyi kumweya yeavo vose vanoinwa, kuti vave vanozviita ^bmukurangarira ropa reMwanakomana wenyu, iro rakadeurirwa; kuti vagopupura kwamuri, Mwari Baba Vokusingaperi, kuti vagomurangarira nguva dzose, kuti vave neMweya wake. Amenii.

CHITSAUKO 6

Vanhu vatendeuka vanobhabhatidzwa nokufambirwa — Nhengo dzesangano dzinotendeuka dzinoregererwa — Misangano inotungamirirwa nesimba roMweya Mutsvene. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ndinotaura maererano “norubhabhatidzo. Tarisai, magosa, vapirisita, nevadzidzisi

vakabhabhatidzwa; havaibhabhatidzwa kunze kwokunge vaunza michero yakafanira yiratidza kuti ^bvakakodzera.

2 Havaigamuchira munhu murubhabhatidzo kunze kwokunge auya nemwoyo “wakatyoka nomweya wakapfava, vachipupura kuchechi kuti vatendeuka zvechokwadi pazvivi zvavo zvose.

3 Uye hakuna kana mumwe akagamuchira rubhabhatidzo kunze kwokunge “vatakura pavari zita raKristu, akashinga kumushandira kusvika kumagumo.

4 Uye shure kwokunge vagamuchirwa parubhabhatidzo, vakava vanotunhwa “nokucheneswa nesimba roMweya Mutsvene, vakaverengerwa mukati mevanhu vechechi yaKristu; ^bmazita avo akatorwa, kuti zvimwe vangarangarirwa noku-gutsa neshoko rakanaka raMwari, kuti vachengetwe munzira kwayo, vachigara “vakavimba nomunamato nguva dzose, ^dvachivimba chete nema-basa akanaka aKristu, akava “munyori nomupedzisi woku-tenda kwavo.

5 Uye “chechi ^byaigara ichisangana pamwechete, kuti “vatsanye nokunamata, nokukurukurirana maererano nezvema-gariro akanaka emweya yavo.

5 1a 3 Ni. 18:8–11;
D&Z 20:78–79.

2a D&Z 27:2–4.
NKM Sakaramende.
b Ruka 22:19–20;
I VaKori. 11:25.

6 1a NKM Bhabhatidza.
b NKM Anechiremera.

2a NKM Mwoyo
Wakatyoka.

3a NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

4a NKM Chakachena.
b D&Z 20:82.
c Aruma 34:39;

3 Ni. 18:15–18.

d 2 Ni. 31:19; D&Z 3:20.
e VaH. 12:2.

5a NKM Chechi yaJesu
Kristu.
b 3 Ni. 18:22; 4 Ni. 1:12;
D&Z 88:76.
c NKM Kutsanya.

6 Uye vaigara vachisangana pamwechete kuti vadye chingwa newaini, mukurangarira Ishe Jesu.

7 Uye vakanga vakaoma vachitarisira kuti ^ahapana ari kutadza pakati pavo; avo vai-zoonekwa vachitadza, vapupuri ^bvatawa vechechi vaivapa mhosva pamberi ^cpemagosa, kana vasina kutendeuka, vasina ^dku-reurura, mazita avo ^eaibviswa, uye havaizoverengerwa pakati pevanhu vaKristu.

8 Asi ^apose apo vaitendeuka nokutsvaga kukanganwirwa, nomwoyo wose, ^bvairegererwa.

9 Uye misangano yavo ^ayaitungamirirwa nechechi sekushanda kweMweya, uye nesimba roMweya ^bMutsvene; sokutungamirwa kwavaiitwa neMweya Mutsvene kuparidza, kana kukurudzira, kana kunamata, nokukumbira vakazvininipisa, kana kuimba, zvakadaro zva-iitwa.

CHITSAUKO 7

Kukokwa kunopihwa kwekupinda muzororo raIshe—Namatai nomwoyo wose—Mweya waKristu unoita kuti vanhu vazive chakanaka nechakaipa—Satani anonyengedza vanhu kuti varambe Kristu vaita zvakaipa—Vaporofita vanotaura kuuya kwaKristu—Kuburikidza

nokutenda, zvishamiso zvinoitwa uye ngirozi dzinoparidza—Vanhu vanofanira kutarisira upenyu hwokusingaperi vachibva vagara murudo rwakadzama. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

UYE zvino ini Moronai, ndinonyora mazwi mashoma ababa vangu Mormoni, avakataura pamusoro ^apokutenda, tariro, norudo rwakadzama; nokuti nokuita uku vakataura kuvanhu, vachivadzidzisa musinagogo yavakanga vavaka senzvimbo yokunamatira.

2 Uye zvino ini Mormoni, ndinotaura kwamuri, hama dzangu dzinodiwa; kunova kuburikidza nenyasha dzaMwari Baba, na-Ishe vedu Jesu Kristu, nokuda kwavo kutsvene, nokuda kwechipo ^achokundaidza kwavo, kuti ndatenderwa kuti nditaure kwamuri panguva ino.

3 Nokudaro, ndinotaura kwamuri imi muri muchechi, imi muri vateveri vorunyararo vaKristu, kuti mune tariro yakakwana inoita kuti mupinde ^amuzororo raIshe, kubvira panguva ino kusvikira muchazorora naye kudenga.

4 Zve zvino hama dzangu, ndinotaura zvinhu izvi pamusoro penyu nokuda ^akwekufamba kwenyu murunyararo nevana vevanhu.

7a D&Z 20:54.

b D&Z 42:80–81.

NKM Mupupuri.

c Aruma 6:1.

NKM Gosa.

d NKM Reurura, Reururo.

e Eks. 32:33; D&Z 20:83.

NKM Kubviswa
Hunhengo.

8a Mosaya 26:30–31.

b NKM Regerera.

9a D&Z 20:45; 46:2.

b NKM Mweya Mutsvene.

7 1a I VaKori. 13:1–13;

Eta 12:3–22, 27–37;
Moro. 8:14; 10:20–23.

2a NKM Akadaidzwa
naMwari.

3a NKM Zororo.

4a I Joh. 2:6;

D&Z 19:23.

5 Nokuti ndinorangarira shoko raMwari rinoti nemabasa avo “muchavaziva; nokuti kana mabasa avo akanaka, ivo vakanakawo.

6 Nokuti tarisai, Mwari vakati munhu kana achinge “akaipa haangaite chakanaka; nokuti kana akapa chipo, kana ^bkunamata kuna Mwari, kunze kwokunge azviita nomwoyo wose hazvina zvazvinomupa.

7 Nokuti tarisai, hazvivengerwe kwaari pautsvene.

8 Nokuti tarisai, kana munhu achinge “akaipa achipa chipo, anoita ^bachigunun’una; naizvozvo zvinoverengerwa kwaari seasina kupa chipo; naizvozvo anoverengwa seakaipa pamberi paMwari.

9 Uye saizvozvo zvinoverengerwa sezvakaipa kumunhu, kana achinge anamata asingaite nechido “chaicho chemwoyo; hongu, hazvina chazvinomupa, nokuti Mwari havagamuchiri zvakadaro.

10 Nokudaro, munhu uyo akaipa haangaite icho chakanaka; kana kuti angape chipo chakanaka.

11 Nokuti tarisai, “tsime rinovava haringape mvura inonaka; kana kuti tsime rakanaka robuda mvura inovava; nokudaro, munhu kana ari muranda

wadhiabhorosi haangateveri Kristu; uye kana ^bachitevera Kristu haangave muranda wadhiabhorosi.

12 Nokudaro, zvinhu zvose “zvakanaka zvinobva kuna Mwari; icho ^bchakaipa chinobva kuna dhiabhorosi; nokuti dhiabhorosi imhandu kuna Mwari, anomurwisa nguva dzose, achikoka nokukwezvera “kuchitadzo, nokuita izvo zvakaipa nguva dzose.

13 Asi tarisai, izvo zvose zvaMwari zvinokoka “nokukwezvera kuzvinhu zvakanaka nguva dzose; nokudaro, izvo zvose zvinokoka nokukwezvera kuita zvakanaka, nokuda Mwari, nokumushandira, ^bzvinofemerwa naMwari.

14 Nokudaro, yambirwai, hama dzangu dzinodiwa, kuti musatonge izvo “zvakaipa muchiti ndezvaMwari, kana kuti izvo zvinenge zvakanaka zvaMwari muchiti ndezvadhiabhorosi.

15 Nokuti tarisai, hama dzangu, zvakapiwa kwamuri kuti “mutonge, kuti muzive zvakanaka kubva kunezvakaipa; uye nzira yokutonga nayo iri pachena, kuti muzive noruzivo rwakakwana, sechiedza chezuva kubva murima rousiku.

16 Nokuti tarisai, “Mweya

5a 3 Ni. 14:15-20.

6a Mat. 7:15-18.

b Aruma 34:28.

NKM Munamato.

8a Zir. 15:8.

b D&Z 64:34.

9a Jkb. 1:6-7; 5:16;

Moro. 10:4.

11a Jkb. 3:11-12.

b Mat. 6:24;

2 Ni. 31:10-13;

D&Z 56:2.

12a Jkb. 1:17; 1 Joh. 4:1-2;

Eta 4:12.

b Aruma 5:39-42.

c Hir. 6:30.

NKM Chitadzo.

13a 2 Ni. 33:4;

Eta 8:26.

b NKM Kutunhwa.

14a Isa. 5:20;

2 Ni. 15:20.

15a NKM Kuziva

kuburikioza

neMweya, Chipo che.

16a NKM Hana; Chiedza,

Chiedza chaKristu.

waKristu unopiwa kumunhu wose, kuti ^bazive zvakanaka nezvakaipa; nokudaro ndinokuratidzai, nzira yokutonga nayo; nokuti icho chose chinokoka kuita zvakanaka, nokunyengetedza kuti mutende muna Kristu, chinotumirwa nesimba nechipo chaKristu; nokudaro munozoziva neruzivo rwuzere kuti ndechaMwari.

17 Asi icho chose chinonyengetedza munhu kuita “zvakaipa, nokusatenda munaKristu, nokumuramba, nokusashandira Mwari, zvino munobva maziva zvakakwana kuti ndechadhia-bhorosi; nokuti ndiko kushanda kwadhia-bhorosi, nokuti hapana waanoti aite zvakanaka, kwete, kana mumwe zvake; kunyange ngirozi dzake; kunyange avo vanozvipa kwaari.

18 Uye zvino, hama dzangu, ndichiona kuti mava kuziva chiedza icho mungatonge nacho, icho chiri “chiedza chaKristu, onai kuti hamukanganise kutonga; nokuti ^bnokutonga kumwe chete ikoko kwamuchatonga muchazovawo munotonga.

19 Nokudaro, ndinokukumbirai, hama, kuti mutsvake nesimba “chiedza chaKristu kuti muzive zvakanaka nezvakaipa; uye kana mukabatirira pachinhu chose chakanaka, musinga-

chituke, muchazova chokwadi ^bmwana waKristu.

20 Uye zvino, hama dzangu, zvingaitika sei kuti mungabatirira pazvinhu zvose zvakanaka?

21 Uye zvino ndinouya pakutenda kuya, uko ndakati ndichaitaura nezvako; ndinokuudzai nzira iyo ingaite kuti muve munobatirira pazvinhu zvose zvakanaka.

22 Nokuti tarisai, Mwari “vachiziva zvinhu zvose, kubva kusingaperi kusvika kusingaperi tarisai, akatumira ^bngirozi kuti dziparidze kuvana vevanhu, kuti dzizivise pamusana pokuuya kwaKristu; uye muna Kristu munouya zvinhu zvose zvakanaka.

23 Uye Mwari vakataura zvakare kuvaporofita, nomuromo wake, kuti Kristu achauya.

24 Uye zvino tarisai, kwakave nenzira dzakawanda dzaakaraidza nadzo zvinhu kuvana vevanhu, zvakananga zvakanaka; zvinhu zvose zvakanaka zvino-bva kuna Kristu; sekuti vanhu vakanga “vapunzika, uye haku-na chinhu chakanaka chingabve kwavari.

25 Nokudaro, nokushumira “kwengirozi, uye nemazwi ose ayo aibuda mumuromo waMwari, vanhu vakatangisa kushandisa rutendo muna Kristu; saka nokutenda, vakabatirira

16b Gen. 3:5;
2 Ni. 2:5, 18, 26;
Mosaya 16:3;
Aruma 29:5;
Hir. 14:31.

17a NKM Chitadzo.

18a Mosaya 16:9;
D&Z 50:24; 88:7-13.

NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

b DJS, Mat. 7:1-2;
Ruka 6:37;
Joh. 7:24.

19a D&Z 84:45-46.

b Mosaya 15:10-12; 27:25.
NKM Vanakomana

neVanasikana
vaMwari.

22a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
b Mos. 5:58.

NKM Ngirozi.

24a 2 Ni. 2:5.
25a Aruma 12:28-30.

pazvinhu zvose zvakanaka; kuvikira kuuya kwaKristu.

26 Uye shure kwekuuya kwake vanhu vakaponeswa nokutenda muzita rake; nokutenda, vakave vanakomana vaMwari. Uye sekurarama kwaKristu akataura mazwi aya kumadzibaba edu, achiti: “Chiri chose chinhu chamunokumbira kuna Baba muzita rangu, chiri chakanaka, mukutenda nokutenda kuti muchagashira, tarisai, muchachii-tirwa.

27 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, “zvishamiso zvakamira here nokuti Kristu akakwira kudenga, akagara kuruoko rworudyi rwaMwari, kuti ave ^banokumbira kuna Baba kuti tsi-tsi dziitwe kune vana vevanhu?

28 Nokuti akagutsa magumo emitemo, uye anatora avo vose vanokutenda maari; avo vose vanotenda maari ^avachanamaitira kuzvinhu zvakanaka; nokudaro ^banomiririra vana vevanhu; uye anogara nokusingaperi kumatenga.

29 Uye nokuti akaita izvi, hama dzangu dzinodiwa, zvishamiso zvakamira here? Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; kana ngirozi hadzina kumira kuparidza kuvana vevanhu.

30 Nokuti tarisai, dziri pasi pake, kuti dziparidze maererano neshoko rokuraira kwake, dzichizviratidza kune avo vanokutenda kwakasimba nepfu-

ngwa dzakasimba mune zvose zveumwari.

31 Uye chinhanho chohupirisa hwavo ndechokudaidza vanhu kuti vatendeuke, nokuzadzikisa nokuita basa rechibvumirano chaBaba, icho chavakaita kuvana vevanhu, kuti vagadzire nzira pakati pevana vevanhu, nokutaura mazwi aKristu kune midziyo yakasarudzwa yaIshe, kuti vagopupura pamusana pake.

32 Uye nokuita izvozvo, Ishe Mwari vakagadzira nzira yokuti vanhu vawane ^akutenda muna Kristu, kuti Mweya Mutsvene uwane nzvimbo mumwoyo yavo, maererano nesimba ravo; netsika iyoyi Baba vanounza, zvibvumirano zvavakaita nevana vevanhu.

33 Uye zvino Kristu akati: “Kana mune kutenda mandiri muchava nesimba rokuita chiri chose ^bchakanaka mandiri.

34 Uye zvino iye akati: “Tendeukai imi mativi ose enyika, muuye kwandiri, mugobhabhatidzwa muzita rangu, muve nokutenda mandiri, kuti muve munoponeswa.

35 Uye zvino, hama dzangu dzinodiwa, kana zviri izvo kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi zvandataura kwamuri, uye Mwari vachakuratidzai, ^anesimba nokubwinya kukuru ^bpazuva iro-ro rokupedzisira, kuti ndezvechokwadi, kana zviri

26a 3 Ni. 18:20.

NKM Munamoto.

27a NKM Chishamiso.

^b Isa. 53:12;

Mosaya 14:12.

28a VaR. 12:9; D&Z 98:11.

^b I Joh. 2:1;

2 Ni. 2:9.

NKM Mumiririri.

32a NKM Rutendo.

33a Mat. 17:20.

^b D&Z 88:64–65.

34a 3 Ni. 27:20; Eta 4:18.

35a 2 Ni. 33:11.

^b D&Z 35:8.

zvechokwadi zvino zuva rezvishamiso ramira here?

36 Kana kuti ngirozi dzakamira kuzviratidza kuvana vevanhu here? Kana kuti “vakabvisa here simba roMweya Mutsvene kwavari? Kana kuti vachazviita here, iyo nguva ichipfuura, kana kuti nyika ichimira, kana kuti pasara munhu mumwechete panyika achaponeswa?

37 Tarisai ndinoti kwamuri, Kwete; nokuti kutenda kunoita kuti “zvishamiso zvionekwe; uye nokutenda ngirozi dzinozviratidza nokuparidza kuvanhu; nokudaro, kana zvinhu izvi zvikamira nhamo kuvana vevanhu, nokuti zvakadaro nenzira ^byokusatenda, saka zvose zvinoshaika.

38 Nokuti hakuna munhu angaponeswa, maererano nemazwi aKristu, kunze kwokunge vane kutenda muzita rake; nokudaro, kana zvinhu izvi zvamira, naizvozvo kutendawo kwamira; munhu achazomira zvinorwadza, nokuti zvinozoratidzika sokunge kwakanga kusina rununuro rwakaitwa.

39 Asi tarisai, hama dzangu dzinodiwa, ndinotonga zvinhu zvakanaka zvenyu, nokuti ndinotonga kuti mune kutenda muna Kristu nokuda kwokunyarara kwenyu; nokuti kana musina kutenda maari hamuna

“kukodzere kuzoverengerwa kuvanhu vechechi yake.

40 Uye zvakare zvino, hama dzangu dzinodiwa, ndinotaura kwamuri pamusana “petariro. Ko zvino mungawane sei kute-nda, kunze kwokunge mune tariro?

41 Uye ko zvino “munotaraisira chii? Tarisai ndinoti kwamuri muchawana ^btariro kuburikidza norudzikinuro rwaKristu nesimba rokumutswa kwake, kuti mugomutswa ^ckuupenyu hwo-kusingaperi, izvi nokuda kwokutenda maari maererano nechivimbiso.

42 Nokudaro, kana munhu ane “kutenda ^banofanira kuve netariro; nokuti kana pasina kute-nda hapangave netariro.

43 Uye zvakare, tarisai ndinoti kwamuri haangave nokutenda netariro, kunze kwokunge ^aakazvinipisa ane mwoyo munyoro.

44 Kana zvakadaro, “kutenda kwake netariro yake hapana, nokuti hakuna anogamuchirwa naMwari, kunze kwevanozvinipisa nevane mwoyo minyoro; uye kana munhu achizvinipisa ane mwoyo munyoro, ^bachitaura nesimba roMweya Mutsvene kuti Jesu ndiKristu, anofanirwa kuva norudo rwakadzama; nokuti kana asina rudo rwakadzama haana chaari;

36a Moro. 10:4-5, 7, 19.

37a Mat. 13:58;
Morm. 9:20;
Eta 12:12-18.

b Moro. 10:19-24.

39a NKM Anechiremera.

40a Eta 12:4.
NKM Tariro.

41a D&Z 138:14.

b Tito 1:2; Jak. 4:4;
Aruma 25:16;
Moro. 9:25.

c NKM Upenyu
Hwokusingaperi.

42a NKM Rutendo.
b Moro. 10:20.

43a NKM Akapfava.

44a Aruma 7:24;
Eta 12:28-34.

b Ruka 12:8-9.
NKM Reurura,
Reururo; Uchapupu.

nokudaro anofanirwa kuva norudo rwakadzama.

45 Uye ^arudo rwakadzama rwune mwoyo murefu, rwune mwoyo munyoro, ^bharwuchive, harwuzvikudzi, harwuzvitsvavakire zvarwo, harwuzi nyore kutsamwisa, harwufunge zvakaipa, harwufarire zvakaipa asi rwunofarira chokwadi, rwunotakura zvose, nokutenda zvinhu zvose, rwune tariro pazvinhu zvose, rwunotsungirira zvinhu zvose.

46 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, kana musina rudo rwakadzama, hamuna chamuri, nokuti rudo rwakadzama harwukundikane. Nokudaro garai murudo rwakadzama, chinova ndichochinhu chikuru pane zvose, nokuti zvinhu zvose zvinofanira kukundikana—

47 Asi ^arudo rwakadzama ndirwo ^brudo rwutsvene rwaKristu, uye rwunogara nokusingaperi; uyo anozoonekwa anarwo pazuva rokupedzisira, zvichazova zvakanaka kwaari.

48 Nokudaro, hama dzangu dzinodiwa, ^anamatai kuna Baba nesimba rose romwoyo, kuti muzadzwe norudo urwu, urwo rwaakapa kune avo vose ^bvateveri vechokwadi voMwanakomana wavo, Jesu Kristu; kuti muzova vanakomana vaMwari; kuti kana ava kuzviratidza

^atichazova saiye, nokuti tichamuona sezvaari; kuti tive neta-riro iyi; kuti tigoitwa ^avatsvene saiye mutsvene. Amen.

CHITSAUKO 8

Kubhabhatidzwa kwevana vaduku chinhu chakaipa chinonyadzisa— Vaduku vapenyu muna Kristu nokuda kwoRudzikinuro— Kutenda, kutendeuka, kuzvininipisa nomwoyo munyoro, kugamuchira Mweya Mutsvene, nokushingirira kusvika kumagumo kunosvitsa kuruponeso. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

Tsamba ^ayababa vangu Mormoni, yakanyorerwa kwandiri, Moronai; yakanyorerwa kwandiri shure kwokunge ndadaidzwa kuushumiri. Pamusoro paizvovzo vakanyora kwandiri vachiti:

2 Mwanakomana wangu wandinodisira, Moronai, ndinofara zvikuru kuti Ishe vako Jesu Kristu akufunga zvikuru, akakudaidza murushumiro rwake, nekubasa dzvene.

3 Ndinogara ndichikufunga zvikuru muminamoto yangu, kunamata nguva dzose kuna Mwari Baba muzita roMwana wavo Mutsvene, Jesu, kuti iye, kuburikidza ^anokunaka kwavo ^bnenyasha zvisingaverengeke,

45a I VaKori. 13:1–13.

b NKM Chiva.

47a 2 Ni. 26:30.

NKM Rudo

Rwakadzama.

b Josh. 22:5.

NKM Rudo.

48a NKM Munamoto.

b NKM Jesu Kristu—

Muyenzaniso

waJesu Kristu;

Anoteerera.

c I Joh. 3:1–3;

3 Ni. 27:27.

d 3 Ni. 19:28–29.

NKM Chakachena.

8 1a Mazwi 1:1.

3a Mosaya 4:11.

b NKM Nyasha.

vakuchengete kuburikidza nekushinga mukutenda muzita ravo kudakara kusvika kwokupedzisira.

4 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinotaura kwauri pamusana pezvinhu zvinondisuwisa zvikuru; zvinondisuwisa nokuti mune “kupesana pakati penyu.

5 Nokuti, kana zvandakanzwa zviri chokwadi, pakanga pane nokupesana pakati penyu pamusana pekubhabhatidzwa kwevana vaduku venyu.

6 Uye zvino, mwanakomana wangu, ndinoda kuti ushande nesimba, kuti uku kukanganisa kukuru kuve kunobviswa pakati penyu; nokuti, nokuda kwai-zvozvo ndanyora tsamba iyi.

7 Nokuti pandakangonzwa zvinhu izvi nezvake ndakabvunza kuna Ishe pamusoro pezvivi. Uye “shoko raIshe rakauya kwandiri nesimba roMweya Mutsvene, richiti:

8 Teerera! kumazwi aKristu, Mununuri wenyu, Ishe venyu naMwari venyu. Tarisai, ndakauya panyika kwete kuzodaidza vatsvene asi vatadzi kuti vate ndeuke; “vasingarware havadi murapi, asi avo vanorwara; nokudaro, ^bvana vaduku ‘vakachena, nokuti havakwanise kuita ^dchitadzo; nokudaro kutukwa ^ekwaAdama kunobviswa

pavari mandiri, zvekuti hakuna simba pamusoro pavo; mutemo ^fwokudzingiswa unobviswa nemandiri.

9 Uye ndiyo nzira yandakaratidzwa nayo shoko raMwari noMweya Mutsvene; nokudaro, mwanakomana wangu wandinodisira, ndinoziva kuti kutuka pamberi paMwari, kuti mubhabhatidze vana vaduku.

10 Tarisai ndinoti kwamuri ichi ndichochinhu chamuchadzidzisa — kutendeuka nokubhabhatidza kune avo “vanoziva nokukwanisa kuita zvivi; hongu, dzidzisa vabereki kuti izvo vanofanirwa kutendeuka nokubhabhatidzwa, nokuzvininipisa ^bsevana vavo vaduku, uye vose vachazoponeswa nevana vaduku vavo.

11 Uye “vana vavo vaduku havana chikonzero chekutendeuka kana kubhabhatidzwa. Tarisai, kubhabhatidzwa kuri mukutendeuka kusvika pakuzadzikisa mirairo inopa ^bkuregererwa kwezvivi.

12 Asi “vana vaduku vapenyu muna Kristu, kubvira kumavambo enyika; kana zvisina kudaro, Mwari ndiMwari vane rusaruro, uye zvakare ndiMwari vanoshanduka; uye ^bvanotsaura vanhu; nokuti kune vana vadiki vangani vakafa vasina kubhabhatidzwa!

4a 3 Ni. 11:22, 28; 18:34.

7a NKM Shoko raMwari.

8a Marko 2:17.

^b Marko 10:13–16.

^c Mosaya 3:16;

D&Z 74:7.

^d NKM Chitadzo.

^e 2 Ni. 2:25–27.

NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

^f Gen. 17:10–11.

NKM Kudzingiswa.

10a NKM Kudavira.

^b NKM Vana;

Akazvininipisa.

11a NKM Bhabhatidza—

Kodzero yerubhabhatidzo; Vana.

^b NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

12a D&Z 29:46–47; 93:38.

^b VaE. 6:9; 2 Ni. 26:33;

D&Z 38:16.

13 Nokudaro, kana vana vaduku vasingaponeswe vasina kubhabhatidzwa, ava vanofanira kunge vakaenda kugehena risingaperi.

14 Tarisai ndinoti kwamuri, uyo anofunga kuti vana vaduku vanofanira kubhabhatidzwa ari mukuvava kwenduru nokusungwa kwokuipa; nokuti haana ^arutendo, tariro, kana rudo rwakadzama; nokudaro, anofanirwa kudimurwa achiri kufunga, anofanira kuenda kugehena.

15 Nokuti kungave kufunga kwakaipa kuti Mwari vanga-ponese mwana mumwechete nokuti akabhabhatidzwa, uye mumwe ofanira kufa nokuti haana kubhabhatidzwa.

16 Vane nhamo avo vanoda kusvibisa nzira yalshe nokuita uku, nokuti vachafa kunze kwokunge vatendeuka. Tarisai, ndinotaura nesimba, ndine ^amvumo kubva kuna Mwari; handitye kuti munhu angandiitei; nokuti ^brudo rwuzere ^crunobvisa kutya kwose.

17 Uye ndakazadzwa ^anerudo rwakadzama, rwunova rudo rwusingaperi; nokudaro, vana vose vakafanana kwandiri; nokudaro, ndinoda ^bvana vaduku norudo rwuzere; uye vose vakafanana uye vatori veruponeso.

18 Nokuti ndinoziva kuti Mwari havasi Mwari vane rusarura kana vanoshanduka; asi munhu ^aasingashanduki kubva kusingaperi ^bkose kusvika kusingaperi.

19 ^aVana vaduku havangate-ndeuke, nokudaro, chinhu cha-kaipisisa kurambidza tsitsi tsvene dzaMwari kwavari, nokuti vose vapenyu mavari nokuda ^bkwetsitsi dzavo.

20 Uyo anoti vana vaduku vanofanira kubhabhatidzwa anoramba tsitsi dzaKristu, nokuzvidza ^arudzikinuro rwake nesimba rorununuro rwake.

21 Vane nhamo ivavo, nokuti vari munjodzi yerufu, ^agehena, nokurwadziwa ^bkusingaperi. Ndinotaura izvi ndisingatye; Mwari vandiraira. Teererai kwavari mungwarire, kana kuti vachamira vachitongesana nemi pachigaro ^cchokutonga cha-Kristu.

22 Nokuti tarisai vana vose vaduku ^avapenyu muna Kristu, uyezve ivo ndivo vasina ^bmutemo. Nokuti simba ^crorununuro rwunouya kuna vose vasina mutemo; nokudaro, uyo asina kurambwa, kana kuti uyo asiri pakuraswa, haangatendeuke; uye kuna ivavo kubhabhatidzwa hakurevi chinhu —

14a I VaKori. 13:1–13;
Eta 12:6;
Moro. 7:25–28;
10:20–23.

16a NKM Mvumo.
b NKM Rudo.
c I Joh. 4:18.

17a NKM Rudo
Rwakadzama.
b Mosaya 3:16–19.

18a Aruma 7:20;
Morm. 9:9.
NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.

b Moro. 7:22.
19a Ruka 18:15–17.
b NKM Anetsitsi.

20a NKM Dzikinura;
Hurongwa
hweRununuro.

21a NKM Gehena.
b Jak. 6:10; Mosaya 28:3;
D&Z 19:10–12.

c NKM Jesu Kristu—
Mutongi.

22a NKM Ruponeso—
Ruponeso rwevana.
b Mabasa 17:30;
D&Z 76:71–72.
c NKM Akanunura.

23 Asi kunova kutuka pamberi paMwari, kurambidza tsitsi dzaKristu, nesimba roMweya Mutsvene wavo, nokuisa ruvimbo mumabasa “akafa.

24 Tarisai, mwanakomana wangu, chinhu ichi hachina kufanira kudaro, nokuti “kutendeuka ndekweavo vakaraswa neavo vane mitemo yavakatyora.

25 Uye zviwereko zvokutanga “zvekutendeuka^b rubhabhatidzo; kubhabhatidzwa kunouya nokutenda mukuzadzikisa mirairo; kuzadzikisa mirairo kunounza^c kuregererwa zvivi;

26 Uye kuregererwa kwezvivi kunounza “kuzvininipisa, nomwoyo munyoro; nenzira yokuzvininipisa nomwoyo munyoro kunouya kushanyirwa noMweya^b Mutsvene, uyo^c Munyaradzi anozadza^d netariro^e norudo rwakakwana, urwo rudo rwunoshinga^f nesimba^g akumunamato wakasimba, kusvika kumagumo, apo^h vatendi vose vachagara naMwari.

27 Tarisai, mwanakomana wangu, ndichanyora kwauri zvakare ndikasaenda kunorwisana nemaRamani. Tarisai, “kuzvikudza kwerudzi rwuno, kana kuti vanhu vemaNifai, kwave ndikwo kuparadzwa kwavo kunze kwokunge vatendeuka.

28 Vanamatirei, mwanakoma-

na wangu, kuti kutendeuka kuuye kwavari. Asi tarisai, ndinotya kuti zvimwe Mweya wakarega “zvekushanda navo; muchikamu chino chenyika vari kutsvaka kuramba zvose zvesimba nemvumo yaMwari; uye vari^b kuramba Mweya Mutsvene.

29 Uye shure kwekuramba ruzivo rwukuru urwu, mwanakomana wangu, vanofanira kufa nekuchimbidza, mukuza-dzikisa huporofita uhwo hwa-kataurwa nevaporofofito, zvakare nemazwi oMuponesi wedu pachake.

30 Chisara, mwanakomana wangu, kusvikira ndazonyora kwauri, kana ndazosangana newe zvakare. Amenii.

Tsamba yechipiri yaMormoni kune mwanakomana wake Moronai.

Zvichisanganisa chitsauko 9.

CHITSAUKO 9

Vose maNifai nemaRamani vakashata uye vadzikira — Vanorwadzisana nokuurayana — Mormoni anonamata kuti nyasha nokunaka kuve pana Moronai nokusingaperi. Zvingangove makore 401 kusvika

23a D&Z 22:2.

24a NKM Rutendeuko.

25a NKM Bhabhatidza—
Kodzero
yerubhabhatidzo.
b Mos. 6:58–60.

c D&Z 76:52.

NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

26a NKM Akapfava.

b NKM Mweya

Mutsvene.

c NKM Munyaradzi.

d NKM Tariro.

e I Pet. 1:22;

1 Ni. 11:22–25.

f NKM Hushingi.

g NKM Munamato.

^h NKM Mutendi.

27a D&Z 38:39.

NKM Kudada.

28a Morm. 5:16.

b Aruma 39:6.

NKM Chitadzo

Chisingaregererwe.

ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

MWANAKOMANA wangu wandinodisisa, ndinonyora zvakare kwauri, kuti uzive kuti ndichiri mupenyu; asi ndinonyora nezvezvinhu zvinosuwisa.

2 Nokuti tarisai, ndarwa hondo yakaomarara namaRamani, asi hatina kuvakurira; uye Arikea-ndusi akaurayiwa nomunondo, pamwe-chete naRuramu naEmuroni; hongu, uye tarasikirwa nevakawanda vevarume vedu vanogona zvehondo.

3 Uye zvino tarisai, mwanakomana wangu, ndinotyia kuti zvimwe maRamani achaparadza vanhu ava; nokuti havatenduke, Satani anovakonzera kuti vapopotedzane pachavo.

4 Tarisai, ndiri kushanda navo nguva dzose; uye ndikataura mazwi aMwari ^azvakasimba vanodedera vonditsamwira; ndikasataura zvakasimba vanomesa mwoyo yavo; nokudaro, ndinotyia kuti Mweya waIshe pamwe warega ^bkushanda navo.

5 Nokuti vanoshatirwa zvakuti ndinoona sekunge vasinga-tye rufu; uye havasisina rudo, mumwe kune mumwe; vanonzwa ^anyota yeropa nokutsividza nguva dzose.

6 Uye zvino, mwanakomana wangu wandinoda, kunyange zvavo vakaoma mwoyo, tinofanirwa kushanda ^anesimba; nokuti tikarega ^bkushanda,

tichatongwa nemutongo wekurangwa; nokuti tine basa rekuita tichiri mutabnakeri yevhu, rekuti tikunde mhandu yezvinhu zvose zvitsvene, tizorodze mweya yedu munyika yaMwari.

7 Zvino ndinonyora zvishoma nezvekutambudzika kwevanhu ava. Nokuti maererano noruzivo rwandakagamuchira kubva kuna Amrone, tarisai, maRamani ane vasungwa vakawanda, avo vavakatora kubva panharira yeSheriza; uye pakange pane varume, vakadzi, navana.

8 Uye varume namadzibaba evakadzi nevana avo vavauraya; vanovadyisa nyama dzevarume vavo, vana vachidyiswa nyama dzemadzibaba avo; pasina mvura, kusara kweshoma, yavanovapa.

9 Kunyange zvavo vaine chitema chikuru ichi ivo maRamani, hachipfuure chevanhu vedu veMoriandumu. Nokuti tarisai, vanasikana vakawanda vemaRamani vakatorwa sevasungwa; shure kwokuvatorera icho chakanga chakakoshesesa kupfuura zvimwe zvose, chinova ^akusapomba ^bnoumhandara —

10 Uye shure kwokunge vadai, vakavauraya nenzira yakaipisisa zvikuru, vachirwadzisa miviri yavo kusvikira vafa; shure kwokunge vaita izvi, vanodya nyama yavo kunge mhuka dzesango, nokuda kwekuoma kwe-mwoyo yavo; vanozviita noku-da kuratidza kushinga kwavo.

9 4a 2 Ni. 1:26–27;
D&Z 121:41–43.
b D&Z 1:33.
5a Morm. 4:11–12.

6a NKM Hushingi.
b Jak. 1:19; Eno. 1:20.
NKM Basa.
9a NKM Hunhu.

b NKM Hunhu
Wakanaka.

11 Mwanakomana wangu wandinodisa, ko vanhu vakadai, vasina rujeko—

12 (Uye makore mashoma apfuura, vakanga vari vanhu vaive nerujeko vaifadza)

13 Asi mwanakomana wangu, vanhu vakadai, vanowana mufaro mune zvinhu zvakaipa kudai—

14 Tingatarisire sei kuti Mwari “vanozorega kutitonga?

15 Tarisai, mwoyo wangu unochema: Nhamo kune vanhu ava. Tongai, Mwari, muvige zvivi zvavo, nokuipa kwavo, neruvengo kubva pamberi pechiso chenyu!

16 Uyezve, mwanakomana wangu, pane ^ashirikadzi dzakawanda navanasikana vadzo vanoramba vari muSheriza; nezvekudya zvisina kutorwa namaRamani, tarisai, zvatakurwa namauto aZenefai, akavasiya vachitsvaka kwose-kwose zvokudya; madzimai mazhinji achembera anokomoka achifira munzira.

17 Uye mauto angu haana kusimba; uyezve mauto amaRamani ari pakati pangu neSheriza; avo vose vakatizira kumauto ^aAroni vakawira munjodzi nokuda kwouipi hwavo.

18 Kuipa kwevanhu vangu! Havana gwara kana tsitsi. Tarisai, ini ndiri murumewo zvangu, ndingoriwo nesimba remunhu chete, uye handichakwanisa kumanikidza vanhu kuti vateedze mirairo yangu.

19 Uye vava nesimba guru rokurasika; vakaita sevapondi, vasingasii mumwe, kunyange vakuru kana vaduku; vanofadzwa muzvinhu zvose kunze kweizvo zvakanaka; kutambudzika kwevakadzi navana vedu pamusoro pechiso chenyika kunopfuura zvose; hongu, rurimi harungatauri, kana kunyorwa hazvinganyorwe.

20 Uye zvino, mwanakomana wangu, handichagara pano zvakare pane zviitiko zvakaipa kudai. Tarisai, unoziva kuipa kwevanhu ava; unoziva kuti havana zvinangwa, kana pfungwa dzezvakare; kuipa kwavo ^akunopfuura kwemaRamani.

21 Tarisai, mwanakomana wangu, handingavarumbidze kuna Mwari nokuti vanga ndirange.

22 Asi tarisai, mwanakomana wangu, ndinokuisa kuna Mwari, ndinovimba muna Kristu kuti uchaponeswa; ndinonamata kuna Mwari kuti ^avachengeedze upenyu hwako, kuti uone kudzoka kwavanhu vavo kwavari, kana kuparadzwa kwavo zvachose; nokuti ndinoziva kuti vanofanira kufa kunze kwokunge ^bvatendeuka noku-dzokera kwaari.

23 Uye kana vakafa vanenge vafanana nemaJaredhi, pamusana pokuoma kwemwoyo yavo, ^anokutsvaga ropa nokuda ^bkutsividza.

24 Zve kana vakafa, tinoziva kuti hama dzedu dzakawanda

14a Aruma 10:23.

16a NKM Shirikadzi.

17a Morm. 2:9.

20a Hir. 6:34–35.

22a Morm. 8:3.

^b Mara. 3:7; Hir. 13:11;

3 Ni. 10:6; 24:7.

23a Morm. 4:11–12.

^b Eta 15:15–31.

“dzakatizira kumaRamani, uye zvakare vakawanda vachatizira kwavari; nokudaro, nyora zvisihoma; kana uchinge wasiiwa ini ndikafa ndikasazokuona; asi ndinovimba kuti ndichakukona munguva pfupi; nokuti ndine zvinyorwa zvinoera izvo ndakafanira ^bkupa kwauri.

25 Mwanakomana wangu, vimbika muna Kristu; izvo zvinhu zvandanyora zvisakurwadze, kuti zvidzamare zvikusvitse kurufu; asi Kristu akusimudzire, “kutambudzika kwake nerufu, nokuzviratidza muviri wake kumadzibaba edu, netsitsi dzake nomwoyo wake murefu, netariro yokubwinya kwake yeupe nyu ^bhwokusingaperi, zvizorore ‘mupfungwa dzako nokusingaperi.

26 Uye nyasha dzaMwari Baba, chigaro chavo chiri kumusoro kumatenga, naIshe vedu Jesu Kristu, anogara kuruoko ^arwerudyi rwesimba ravo, kusvikira zvinhu zvose zvave pasi pavo, zvive, nokugara newe nokusingaperi. Amen.

CHITSAUKO 10

Uchapupu hweBhuku raMormoni hunouya nesimba roMweya Mutsvene—Zvipo zvoMweya zvinopiwa kune vanotenda—Zvipo

zvoMweya zvinofambidzana noku-tenda—Mazwi aMoronai anotaure achibva muguruva—Uyai kuna Kristu, muitwe vakarurama maari, nokuita kuti mweya yenyu ive mitsvene. Zvingangove makore 401 kusvika ku421 shure kwekunge Kristu azvarwa.

ZVINO ini Moronai, ndinonyora zvimwe zvandinoona sezvakana; zve ndinonyora kuhama dzangu; ^amaRamani; ndinoita kuti vazive kuti makore anopfura mazana mana nemakumi maviri apfuura kubvira chiratidzo chokuuya kwaKristu chakapiwa.

2 Uye ^andinonama zvinyorwa izvi, shure kwekutaura mazwi mashoma maererano nokukurudzira kwamuri.

3 Tarisai, ndinokukurudzirai kuti kana muchinge maverenga zvinhu izvi, kana huri uchenjeri munaMwari kuti muzviverenge, kuti murangarire kuti Ishe vakaita tsitsi dzakaita sei kuvana vevanhu, kubvira kusika kwakaita Adama kusvikira panguva iyo muchagamuchira zvinhu izvi, uye ^amugozvifungisisa ^bmumwoyo yenyu.

4 Uye pamuchange magamuchira zvinhu izvi, ndinokukurudzirai kuti ^amubvunze Mwari Baba Vokusingaperi, muzita raKristu, kana zvinhu izvi ^bzvisiri

24a Aruma 45:14.

^b Morm. 6:6.

25a NKM Dzikinura.

^b NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

^c NKM Pfungwa.

26a Ruka 22:69;

Mabasa 7:55–56;

Mosaya 5:9;

Aruma 28:12.

10 1a D&Z 10:48.

2a Morm. 8:4, 13–14.

NKM Magwaro

matsvene—Magwaro

matsvene

akaporofitwa kuti

achauya.

3a Deut. 11:18–19.

NKM Fungisisa.

^b Deut. 6:6–7.

4a NKM Munamato.

^b 1 Ni. 13:39; 14:30;

Mosaya 1:6;

Eta 4:10–11; 5:3.

zvechokwadi; kana muchinge makumbira nomwoyo ^cwose, nechido ^dchaicho, mune ^ekute-nda muna Kristu, ^fachakuburitsirai ^gchokwadi chazvo, nesimba roMweya Mutsvene.

5 Uye nesimba roMweya Mutsvene ^amuchaziva ^bchokwadi chezvinhu zvose.

6 Zve chinhu chose chakanaka chakarurama uye chiripachokwadi; nokudaro, chakanaka hachingarambe Kristu, asi chinotenda kuti ndiye.

7 Uye munozoziva kuti ndiye; nesimba roMweya Mutsvene; nokudaro ndinokukurudzirai kuti musarambe simba raMwari; nokuti anoshanda nesimba, ^amaererano nokute-nda kwevana vevanhu, zvimwechete nhasi, mangwana, nokusingaperi.

8 Uye zvakare, ndinokukurudzirai, hama dzangu, kuti musarambe ^azvipo zvaMwari, nokuti zvakawanda; zve zvinobva kuna Mwari vamwechete. Uye kune nzira ^bdzakasiana dzinopiwa nadzo zvipo izvi; asi ndiMwari vamwechete vanoshanda madziri dzose; zvinopiwa nezviratidzo zveMweya waMwari kuvanhu, kuti zviwedzerwe kwavari.

9 Nokuti tarisai, ^akune mumwe anopihwa noMweya waMwari,

kuti ^bagodzidzisa shoko rourwaru.

10 Uye kune mumwe, kuti adzidzise shoko roruzivo noMweya mumwecheteyo.

11 Uye kune mumwe, ^akute-nda kukuru; kune mumwe, zvipo ^bzvokuporesa noMweya mumwecheteyo;

12 Uye zvakare, kune mumwe, kuti ashande ^azvishamiso zvikuru;

13 Uye zvakare, kune mumwe, kuti aporofite pamusana pezvinhu zvose;

14 Uye zvakare, kune mumwe, kuona ngirozi nokuparidza kwamweya;

15 Uye zvakare, kune mumwe, marudzi ose endimi.

16 Uye zvakare, kune mumwe, kududzira kwemitauro yakasiyana ^ayendimi dzose.

17 Uye zvose zvipo izvi zvinouya noMweya waKristu; zvinouya kune mumwe nemumwe, maererano nokuda kwake.

18 Uye ndinokukurudzirai, hama dzangu dzinodiwa, kuti murangarire kuti chipo ^achose chakanaka chinobva kuna Kristu.

19 Uye ndinokukurudzirai, hama dzangu dzinodiwa, kuti murangarire kuti ndiye ^amumwecheteyo zuro, nanhasi, nokusingaperi, uye kuti zvipo zvose izvi zvandataura, izvo

4c NKM Anovimbika.

d Jkb. 1:5-7;

Moro. 7:9.

e NKM Rutendo.

f NKM Zvakazarurwa.

g NKM Chokwadi.

5a D&Z 35:19.

NKM Kuziva

kuburikioza

neMweya, Chipochi; Uchapupu.

b Joh. 8:32.

7a 1 Ni. 10:17-19.

8a NKM Zvipo zveMweya.

b D&Z 46:15.

9a I VaKori. 12:8-11;

D&Z 46:8-29.

b D&Z 88:77-79, 118.

11a NKM Rutendo.

b NKM Kurapa.

12a NKM Chishamiso.

16a NKM Ndimi, Chipochi.

18a Jkb. 1:17.

19a VaH. 13:8.

zvomweya, hazvizobviswi, kana nyika ichimire, chete ^bnokusatenda kwevana vevanhu.

20 Nokudaro, kunofanirwa kuve “nokutenda; uye kana pane kutenda panofanirwa kunge pane tariro; kana pane tariro panofanirwa kunge pane rudo rwakadzama zvakare.

21 Uye kunze kwokunge une “rudo rwakadzama hakuna imwe nzira yaungaponeswa nayo muumambo hwaMwari; kana kuti haungaponeswe muumambo hwaMwari usina kutenda; kana kuponeswa usina tariro.

22 Uye kana musina tariro munenge makarasa mwoyo; kurasira mwoyo kunouya nokuda kwezvitadzo.

23 Uye Kristu akati zvechokwadi kumadzibaba edu; “kana mune kutenda munokwanisa kuita zvinhu zvose zvinofadza kwandiri.

24 Uye zvino ndinotaura kumagumo enyika — kuti kana zuva rasvika kuti simba nezvipo zvaMwari hazvichazoitika pakati penyu, zvinozoitika “pamusana ^bpokusatenda kwenyu.

25 Uye vane nhamo vana vevanhu kana zvikadaro; nokuti panenge “pasina kana mumwechete achaita zvakanaka pakati penyu, kunyange mumwe zvakke. Nokuti kana pane mumwe pakati penyu anoita zvakanaka,

achashanda nesimba nezvipo zvaMwari.

26 Uye vane nhamo avo vachaita zvinhu izvi zvibve, nokuti “vachafira ^bmuzvivi zvavo, havazoponiswi muumambo hwaMwari; ndinozvitauro maererano nemazwi aKristu; uye handinyepi kwete.

27 Uye ndinokukurudzirai kuti murangarire zvinhu izvi; kuti nguva ichasvika nokukurumidza apo muchaziva kuti handinyepi, nokuti muchandiona pachigaro chekutonga chaMwari; Ishe Mwari vachati kwamuri: Handina kutaura here “mazwi angu kwamuri, ayo akanyorwa nemurume uyu, ^bachichema somunhu akafa, hongu, kunyange somunhu ari kutaura kubva “muguruva?

28 Ndinotaura zvinhu izvi kwamuri mukuzadzikisa huporofita. Uye tarisai, zvichabuda kubva mumuromo waMwari vasingaperi; shoko ravo “richashinyira kubva kuzvizvarwa kuenda kuzvizvarwa.

29 Uye Mwari vachakurudzai, kuti zvandakanyora ndezvechokwadi.

30 Uye zvakare ndinokukurudzirai kuti “muuye kuna Kristu, muve munobatirira kune zvipo zvose zvakanaka, ^bmusabate zvipo zvakaipa, kana zvinhu zvine tsvina.

19b Moro. 7:37.

20a Eta 12:3–37.

21a I VaKori. 13:1–13;

Moro. 7:1, 42–48.

NKM Rudo

Rwakadzama.

23a Moro. 7:33.

24a Moro. 7:37.

^b NKM Kusadaira.

25a dJS, Mpi. 14:1–7;

VaR. 3:10–12.

26a Ezk. 18:26–27;

1 Ni. 15:32–33;

Mosaya 15:26.

^b Joh. 8:21.

27a 2 Ni. 33:10–11.

^b 2 Ni. 3:19–20; 27:13;

33:13;

Morm. 9:30.

^c Isa. 29:4.

28a 2 Ni. 29:2.

30a 1 Ni. 6:4; Morm. 9:27;

Eta 5:5.

^b Aruma 5:57.

31 Uye “mukai, musimuke kubva muguruva, Jerusarema; hongu, upfeke hanzu dzako dzakanaka, mwanasikana ^bweZioni; ^csimbisa ^dmbambo dzako uye pamhidzira miganhuru yako nokusingaperi, kuti ^eurege kuzokanganiswa, kuti zvivimbiso zvaBaba Vokusingaperi zvaakaita kwauri, imba yaIsraeri, zvigozadzikiswa.

32 Hongu, “uyai kuna Kristu, ^bmunatswe maari, uye rambai kusarurama kwose; asi mukaramba kusarurama kwose, ^cmoda Mwari nekugwinya kwenyu kwose, nepfungwa dzenyu dzose, nesimba renyu rose nokudaro nyasha dzavo dzinokwanirana nemi, kuti nenyasha dzavo mugova vakakwana muna Kristu, kana ^dnenyasha dzaMwari makakwana muna Kristu, hamuna nzira yamu-

ngagoni kuramba nayo simba raMwari.

33 Uye zvakare, kana makana-ka nenyasha dzaMwari muna Kristu, musingarambe simba rake, naizvozvo munoitwa kuti muve “vatsvene muna Kristu nenyasha dzaMwari, kuburikidza nokudeurwa ^bkweropa raKristu, riri muchibvumirano chaBaba chokuti ^cmuregererwe zvitema zvenyu, kuti mugova ^dvatsvene, vasina kavara.

34 Uye zvino kwamuri mose, ndinokuwonekai. Ndichaenda muchinguvana ^akundozorora ^bmuparadiso raMwari, kudzamarara ^cmweya wangu nomuviri ^dzvazosanganiswa zvakare, ndichizounzwa nokukunda ^enomumhepo, kuzosangana nemi pamberi pechigaro ^fchinofadza ^gchaJehova vakuru, ^hMutongi Vokusingaperi wavose vapenyu novakafa. Amen.

31a Isa. 52:1-2.

b NKM Zioni.

c Isa. 54:2.

d NKM Hoko.

e Eta 13:8.

32a Mat. 11:28;

2 Ni. 26:33; Jak. 1:7;

Omu. 1:26.

b Mat. 5:48; 3 Ni. 12:48.

NKM Kukwana.

c D&Z 4:2; 59:5-6.

d 2 Ni. 25:23.

33a NKM Kutsveneswa.

b NKM Dzikinura.

c NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

d NKM Hutsvene.

34a NKM Zororo.

b NKM Paradiso.

c NKM Mweya.

d NKM Kumuka Kuvakafa.

e I VaT. 4:17.

f Jak. 6:13.

g NKM Jehova.

h NKM Jesu Kristu—Mutongi.

MAGUMO

DZIDZISO NEZVIBVUMI- RANO

ZVECHECHI YAJESU KRISTU

YAVATENDI VAMAZUVA EKUPEDZISIRA RINE

ZVAKAZARURWA ZVAKAPIHWA KUNA

JOSEPH SMITH, MUPOROFITA,

NEZVIMWE ZVITUTSIRWA ZVEVATEVEDZERI

VAKE MUHUTUNGAMIRIRI HWECHCHI

 CHISUMO

Dzidziso neZvibvumirano zviunganidzwa zvezvakazarurwa zvinoyera nezvirevo zvakafemerwa zvakapihwa kuitira kumiswa nokugadziridzwa kweumambo hwaMwari pano pasi mumazuva ekupedzisira. Kunyangwe zvazvo zvikamu zvizhinji zvakanangana nenhengo dzeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, mashoko, yambiro nezvikomekedzwa zviripo pakubatsira munhu wose uye zvinekukoka kuvanhu vose kwose kwose kuti vanzwe izwi raIshe Jesu Kristu, vachitaura kwavari nezveupenyu hwavo hwenguva ino nezveruponeso rwavo rwusingaperi.

Zvakazarurwa zvizhinji muchiunganidzwa ichi zvakagamuchirwa nekuburikidza naJoseph Smith, Mwana, muporofita nemutungamiriri wekutanga weChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Zvimwewo zvakazounzwa kuburikidza nevamwe vevatevedzeri vake muhutungamiri (ona misoro yezvikamu 135, 136 ne138, neZvirevo zveChechi 1 ne 2).

Bhuku reDzidziso neZvibvumirano nderimwe remagwaro anoshandiswa neChechi pamwechete neBhaibheri, Bhuku raMormoni, neDombo reMutengo Mukuru. Zvisinei, Dzidziso neZvibvumirano rinokosha zvikuru nokuti harisi chipindurwa chegwaro rakare, asi nderenguva ino uye rakapihwa naMwari mukuburikidza nevaporofita vake vakasarudzirwa mukudzorerwazve kwebasa ravo tsvene nekumiswa kweumambo hwaMwari pasi mumazuva ano. Mune zvakazarurwa, mumwe anonzwa izwi raIshe Jesu Kristu rakapfava asi rakatsunga, richitaura patsva mumukuwo wekuzara kwenguva, uye basa ratangiswa pano iri, nderekugadzirira kuuya kwavo kwepiri, mukuzadzikisa uye zvichiwirirana nemazwi evose vaporofita matsvene kubva nyika ichatanga.

Joseph Smith, Mwana, akaberekwa musu wa23 Zvita 1805, muSharon, muRuwa rweWindsor, Vermont. Munguva yekutanga yeupenyu hwake, akatama nemhuri yake kuenda kuManchester, kumadokero kweNew York. Apo paaigara pedyo neManchester mumwaka wepfumvudza muna 1820, aine makore gumi nemana okuberekwa, akaona chiratidzwa chake chokutanga, munove makashanyirwa naMwari Baba vekusingaperi, neMwanakomana wavo Jesu Kristu, pachezvavo. Akataurirwa muchiratidzo ichi kuti Chechi yechokwadi yaJesu Kristu yakange yakamiswa munguva yeTestamende Itsva, uye yakange yashandira kuzadzikiswa kwevhangeri, rakange risisipo pano pasi. Zvimwe zviratidzo zvinoyera zvakatevera munove ndimo maakadzidziswa nengirozi dzakawanda, zvikaratidzwa kwaari kuti Mwari vaive nebasa

rinokosha rekuti iye agozoita pano pasi uye kuti nekuburikidza maari Chechi yaJesusu Kristu yaizodzoserwazve pasi.

Mukufamba kwenguva, Joseph Smith akakwanisa nerubatsiro rwunoyera nekuburitsa Bhuku raMormoni. Munguva iyoyo, iye naOliver Cowdery vakagadzwa hupurisita hwaAroni naJohane Mubapatidzi muna Chivabvu 1829 (ona D&Z 13), uye mushure mezvo vakazogadzwa zvakare Hupirisita hwaMerkizedeki neVapapostori vakare Petro, Jakobo naJohane (ona D&Z 27:12) Kumwe kugadzwa kwazotevera monove makiyi ehupirisita akagadzwa pavari naMosesi, Erija, Eria nevaporoifita vakawanda (ona D&Z 110; 128:18, 21). Kugadzwa uku, kwatove kudzorera kutsvene kwemasimba dzvene raMwari kuvanhu pano pasi. Musi wa6 Kubvumbi 1830, pasi pehutungamiri hwekudenga muporoifita Joseph Smith akaronga nekumisa Chechi nekudaro Chechi yechokwadi yaJesusu Kristu yave kushandazve sehurongwa mukati mevanhu, riinemvumo yekudzidzisa vhangeri nekuita zvisungu zveruponeso. (Ona Dombo reMutengo Mukuru, Nhorooondo—yaJoseph Smith 1: 1–75 neD&Z 20).

Zvakazarurwa izvi zvinoera zvakatambirwa kubva mumhinduro yemunamato, munguva dzekuda rubatsiro, uye zvakazoburitsa zvinhu zvinoitika muupenyu zvichibatandzira vanhu chaivo. Muporoifita nevamwe vake vakatsvaga hutungamiriri hunoyera uye zvakazarurwa izvi zvinotsigira kuti vakazvitambira. Mune zvakazarurwa mumwe anoona kudzoserwazve nekuvhurika kwevhangeri raJesusu Kristu nekuunza muupenyu mukuwo wekuzadzikiswa kwenguva. Kufamba kuenda kumadokero kweChechi kubva kuNew York uye Pennsylvania kusvikira Ohio kuMissouri, kuIllinois nekupedzisira nekuGreat Basin yekumadokero kweAmerica uye kutambura kukuru kweVatendi mukuedza kuvaka Zioni pano pasi munguva ino zvinoratidzwa mune zvakazarurwa izvi.

Zvimwe zvezvikamu zvakatikuti zvekutanga zvinosanganisa zvinhu zvirima maererano nekupindurwa nekuburitswa kweBhuku raMormoni (ona zvikamu 3, 5, 10, 17, na19). Zvimwe zvikamu zvinoteera zvinoratidza basa reMuporoifita Joseph Smith mukugadzirira mukupindura kwakafemerwa kweBhaibheri munova zvizhini zvezvikamu zvikuru zvedzidziso zvakazotambirwa (ona, semuenzaniso, zvikamu 37, 45, 73, 76, 77, 86, 91, ne132, chimwe nechimwe chine kuwirirana kwakanangana nekupindurwa kweBhaibheri).

Muzvakazarurwa, dzidziso dzevhangeri dzinoiswa pachena netsananguro dzehwaro hwezvinhu sechimiro cheMusoro wehuMwari, mavambo emunhu, mamiroo chaiwo aSatani, chinangwa cheupenyu huno, kukosha kwekuteerera, kudikanwa kwekutendeka, mashandiro eMweya Mutsvene, zvisungu nezviitiko zvineche-

kuita neruponeso, magumo enyika, mamiriro achateera emunhu mushure meKumuka kuVakafa neKutongwa, kusapera kwehukama hwekuroorana, uye mamiriro emhuri okusingaperi. Saizvozvo, kubuda pachena zvishoma nezvishoma kwehurongwa hwemashandiro echimiro cheChechi zvinoratidzwa nekudaidzwa kwemaBhishopi, vaTungamiri veKutanga, Dare revaneGumi neVaviri nevaneMakumi Manomwe uye kumiswa kweZvimwe zvinzvimbo zvehutungamiri nezvikwata. Mukupedzisira, uchapupu hunopihwa pamusoro paJesu Kristu — humwari hwake, hukuru hwake, hururami hwake, rudo rwake nesimba rake rerununuro — zvinoina kuti bhuku rino rive nekukosha kukuru kumhuri yemunhu uye richiva rinokosha kudarika upfumi hwepasi rose.

Zvakazarurwa zvakatiwandeyi zvakaburitswa muZioni (Independence), Missouri, muna 1833, pasi pemusoro unoti *Book of Commandments for the Government of the Church of Christ* (Bhuku reMirairo yeHurumende yeChechi yaKristu). Maererano nechinyorwa ichi, vakuru veChechi vakapa uchapupu hwavo pamwechete kuti Ishe vakange vavapupurira mumwoyo yavo kuti zvakazarurwa izvi zvaive zvehokwadi. Apo Ishe vaienderera mberi neku- taura nevashandi vavo, chinyorwa chakakura chakazoburitswa mumakore maviri akatevera muKirtland, Ohio, chiine musoro unoti *Doctrine and Covenants of the Church of Jesus Christ of the Latter Day Saints* (Dzidziso neZvibvumirano zveChechi yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira). Kuchinyorwa ichi muna 1835, uchapupu hwakanyorwa hweVaapositori vaneGumi neVaviri hwakabatani- dzwa sezvinotevera:

UCHAPUPU

HWEVAAPOSITORI VANEGUMI NEVAVIRI KUCHOKWADI CHEBHUKU REDZIDZISO NEZVIBVUMIRANO

Uchapupu hwevapupuri kuBhuku reMirairo yaIshe, mirairo inove Ivo yavakapa kuChechi Yavo mukuburikidza naJoseph Smith, Mwana, uyo akadomwa nezwi reChechi kuchinangwa ichi:

Isu, naizvozvo, tinonzwa kuda kupa uchapupu kune nyika yose yevanhu, kune chisikwa chose chiri pauso hwenyika, kuti Ishe vapa umboo kumwoyo yedu mukuburikidza neMweya Mutsvene wakanga uri matiri kuti mirairo iyi yakapihwa nekufemerwa kwaMwari, uye zvinobatsira vanhu vose uye zvirokwazvo ndezvehokwadi.

Tinopa uchapupu kunyika yose, Ishe vari mubatsiri wedu uye kuburikidza nenyasha dzaMwari Baba, neMwanakomana Wavo, Jesu Kristu, kuti tinobvumidzwa kuwana mukana uyu wekupa uchapupu kunyika yose zvinove zvinotipa rufaro rwakanyanyisi-

sa, tichinamata Ishe nguva dzose kuti vana vevanhu vanga batsirikane nazvo.

Mazita evaneGumi neVaviri:

Thomas B. Marsh	Orson Hyde	William Smith
David W. Patten	Wm. E. McLellan	Orson Pratt
Brigham Young	Parley P. Pratt	John F. Boynton
Heber C. Kimball	Luke S. Johnson	Lyman E. Johnson

Mukuburitswa kwakatevedzana kweDzidziso neZvibvumirano, zvakazarurwa zvakazowedzerwa kana zvimwe zvezvinyorwa zvakazowedzerwa sekutambirwa nekugamuchirwa nemagungano kana misangano yeChechi.

Kutanga nerakaburitswa muna 1835, zviteedzwa zvinomwe zvedzidziso yaMwari zvakazosanganiswa zvakare; izvi zvakatumidzwa kunzi *Lectures on Faith* (Zvidzidzo zveRutendo). Izvi zvakange zvagadzirirwa kushandiswa muChikoro cheVaporofita muKirtland, Ohio, kubva 1834 kusvikira 1835. Kunyangwe zvazvo zvichibatsira mukudzidzisa nekuraira, zvidzidzo izvi zvakasiiwa kubva muDzidziso neZvibvumirano kubvira mune rakaburitswa muna 1921 nekuti akange asina kupihwa kana nekuburitswa sezvakazarurwa kuSangano rose.

Zviri pachena kuti zvimwe zvikanganiso zvakaramba zvichingodzokererwa mune zvakaburitswa kare muChirungu, kunyanya muzvikamu zvenhoroondo yemisoro yezvikamu. Zvakadaro, chinyorwa chino chinegadziridzo yemusi nemazita enzvimbo uyezve nezvimwe zvigadziridzo zvidiki zvainge zvichikodzera. Shanduro idzi dzakaitwa kuti dziunze zvinyorwa izvi mukuwirirana nemagwaro enhoroondo. Zvimwe zvimiro zvinokosha zvechinyorwa ichi chitsva zvinosanganisira kunhadziridzwa kwerubatsiro rwemagwaro, misoro yezvikamu, zvidimbu zvechitaurwa, zvose izvi zvinove zvakagadzirirwa kubatsira vaverengi kuti vanzwisise uye kuti vafare mushoko raIshe sekupihwa kwaro muDzidziso neZvibvumirano.

Zvisumo zvezvikamu zveDzidziso neZvibvumirano zvine kuwirana ne*History of the Church* (Nhoroondo yeChechi). *History of the Church* mabhuku anokwana kuita manomwe ezviitiko zvenhoroondo zveChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva eKupedzisira kubva 1820 kusvikira 1848. Nokuti mabhuku aya haana kududzirwa uye anowanikwa chete mururimi rweChirungu, mavambo e*History of the Church* muzvisumo zvezvikamu zvechinyorwa chino cheDzidziso neZvibvumirano chinokunongedzera kumabhuku enhoroondo yeSangano ari mururimi rweChirungu.

 KURONGWA KWENGUVA KWEZVIRIMUKATI

<i>Nguva</i>	<i>Nzvimbo</i>	<i>Zvikamu</i>
1823	Gunyana Manchester, New York	2
1828	Chikunguru Harmony, Pennsylvania	3
	Zhizha Harmony, Pennsylvania	10
1829	Kukadzi Harmony, Pennsylvania	4
	Kurume Harmony, Pennsylvania	5
	Kubvumbi Harmony, Pennsylvania	6, 7, 8, 9
	Kubvumbi Harmony, Pennsylvania	11, 12, 13
	Chikumi Fayette, New York	14, 15, 16, 17, 18
1830	Kurume Manchester, New York	19
	Kubvumbi Fayette, New York	20*, 21
	Chivabvu Manchester, New York	22, 23
	Chikunguru Harmony, Pennsylvania	24, 25, 26
	Nyamavhuvhu Harmony, Pennsylvania	27
	Gunyana Fayette, New York	28, 29, 30, 31
	Gumiguru Fayette, New York	32*, 33
	Mbudzi Fayette, New York	34
	Zvita Fayette, New York	35, 36, 37
1831	Ndira Fayette, New York	38, 39, 40
	Kukadzi Kirtland, Ohio	41, 42, 43, 44
	Kurume Kirtland, Ohio	45, 46, 47, 48, 49
	Chivabvu Kirtland, Ohio	50
	Chivabvu Thompson, Ohio	51
	Chikumi Kirtland, Ohio	52, 53, 54, 55, 56
	Chikunguru Zioni, Ruwa rweJackson, Missouri	57
	Nyamavhuvhu Zioni, Ruwa rweJackson, Missouri	58, 59, 60
	Nyamavhuvhu NeRwizi rweMissouri, Missouri	61, 62
	Nyamavhuvhu Kirtland, Ohio	63
	Gunyana Kirtland, Ohio	64
	Gumiguru Hiram, Ohio	65
	Gumiguru Orange, Ohio	66
	Mbudzi Hiram, Ohio	1, 67, 68, 69, 133
	Mbudzi Kirtland, Ohio	70
	Zvita Hiram, Ohio	71
	Zvita Kirtland, Ohio	72
1832	Ndira Hiram, Ohio	73, 74
	Ndira Amherst, Ohio	75
	Kukadzi Hiram, Ohio	76
	Kurume Hiram, Ohio	77, 78, 79, 80, 81
	Kubvumbi Ruwa rweJackson, Missouri	82, 83
	Kubvumbi Independence, Missouri	83
	Nyamavhuvhu Hiram, Ohio	99

* Pano kana panzvimbo yataurwa

<i>Nguva</i>	<i>Nzvimbo</i>	<i>Zvikamu</i>
	Gunyana Kirtland, Ohio	84
	Mbudzi Kirtland, Ohio	85
	Zvita Kirtland, Ohio	86, 87*, 88
1833	Kukadzi Kirtland, Ohio	89
	Kurume Kirtland, Ohio	90, 91, 92
	Chivabvu Kirtland, Ohio	93, 94
	Chikumi Kirtland, Ohio	95, 96
	Nyamavhuvhu Kirtland, Ohio	97, 98
	Gumiguru Perrysburg, New York	100
	Zvita Kirtland, Ohio	101
1834	Kukadzi Kirtland, Ohio	102, 103
	Kubvumbi Kirtland, Ohio	104*
	Chikumi Rwizi rweFishing, Missouri	105
	Mbudzi Kirtland, Ohio	106
1835	Kurume Kirtland, Ohio	107
	Nyamavhuvhu Kirtland, Ohio	134
	Zvita Kirtland, Ohio	108
1836	Ndira Kirtland, Ohio	137
	Kurume Kirtland, Ohio	109
	Kubvumbi Kirtland, Ohio	110
	Nyamavhuvhu Salem, Massachusetts	111
1837	Chikunguru Kirtland, Ohio	112
1838	Kurume Far West, Missouri	113*
	Kubvumbi Far West, Missouri	114, 115
	Chivabvu Spring Hill, Ruwa rweDavies, Missouri	116
	Chikunguru Far West, Missouri	117, 118, 119, 120
1839	Kurume Jeri reLiberty, Ruwa rweClay, Missouri	121, 122, 123
1841	Ndira Nauvoo, Illinois	124
	Kurume Nauvoo, Illinois	125
	Chikunguru Nauvoo, Illinois	126
1842	Gunyana Nauvoo, Illinois	127, 128
1843	Kukadzi Nauvoo, Illinois	129
	Kubvumbi Ramus, Illinois	130
	Chivabvu Ramus, Illinois	131
	Chikunguru Nauvoo, Illinois	132
1844	Chikumi Nauvoo, Illinois	135
1847	Ndira Winter Quarters (iye zvino Nebraska)	136
1890	Gumiguru Salt Lake City, Utah	Chirevo—1
1918	Gumiguru Salt Lake City, Utah	138
1978	Chikumi Salt Lake City, Utah	Chirevo—2

* Pano kana panzvimbo yataurwa

DZIDZISO NEZVIBVUMIRANO

CHIKAMU 1

Zvakazarurwa zvakapiwa kuburikidza nekuna Joseph Smith Muporofita, munguva yemucheche wakakosha wemagosa eChechi, wakaitirwa paHiram, kuOhio, 1 Mbudzi, 1831 (History of the Church [Nhorondo yeChechi], 1:221–224). Zvakazarurwa zvizhinji zvakanga zvagamuchirwa kubva kuna Ishe nguva iyi isati yasvika uye kuiswa pamwechete kweizvi kuti zvizhambadzwe zvave bhuku, ndicho chaive chimwe chezvinhu zvokuru zvakatenderanwa pamusangano uyu. Chikamu ichi chinoita chisumo chaIshe kuzvidzidziso, zvibvumirano, uye nemirairo yakapihwa munguva ino.

1–7, Izwi rekuyambira riri kuvanhu vose; 8–16, Kurasika pachitendero nehuipe kunotungamira Kuuya Kwechipiri; 17–23, Joseph Smith anodaidzwa kuti adzorere panyika chokwadi uye nemasimba aIshe; 24–33, Bhuku raMormoni rinounzwa, uye Chechi yechokwadi inomiswa; 34–36, Runyararo rwuchabviswa panyika; 37–39, Nzverai mirairo iyi.

TEEERERAI imi vanhu ^avechechi yangu, inotaura izwi reuyo agere kumusoro, uye ane ^bmaziso ari pamunhu wose; hongu, zviro kwazvo ndinoti: ^cTeerera imi vanhu munobva kure; uye nemi muri pamusoro pezvitsuwa zvegungwa, teerera pamwechete.

2 Nokuti zviro kwazvo ^aizwi raIshe riri kuvanhu vose, uye hakuna ^banopunyuka; uye ha-

kuna ziso richatadza kuona, kana nzeve ichatadza kunzwa, kana ^cmwoyo uchatadza kupindwa.

3 Uye ^avapanduki vachabaiwa nokusuwa kukuru; nokuti kuipa kwavo ^bkuchataurwa pamusoro pedzimba, uye zviito zvavo zvemuruvande zvichaiswa pachena.

4 Uye ^aizwi rekuyambira richave kuvanhu vose, nemiromo yevadzidzi vangu, avo vanda-kasarudza mumazuva ano ^bekupedzisira.

5 Uye vachaenda mberi uye hapana achavarambidza, nokuti ini Ishe ndakavaraira.

6 Tarisai, iyi ^aimvumo yangu, uye nemvumo yevaranda vangu, nechisumo changu kubhuku remirairo yangu, yandakavapa kuti ^bvaishambadze kwamuri, vagari vepanyika.

1 1a 3 Ni. 27:3; D&Z 20:1.
NKM Chechi yaJesu Kristu.
b D&Z 38:7–8.
NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.
c Deut. 32:1.
2a D&Z 133:16.

b Phil. 2:9–11.
c NKM Mwoyo.
3a NKM Hupanduki.
b Ruka 8:17; 12:3;
2 Ni. 27:11;
Morm. 5:8.
4a Ezk. 3:17–21;
D&Z 63:37.

NKM Basa reKushumira; Yambira, Yambiro.
b NKM Mazuva Ekupedzisira.
6a NKM Jesu Kristu—Mvumo.
b D&Z 72:21.

7 Nokudaro “ityai uye mu-
bvunde, imi vanhu, nokuti ini
Ishe zvandataura mavari ^bzvi-
chazadzikiswa.

8 Uye zvirokwazvo ndinoti
kwamuri, kuti avo vachae-
nda mberi, vakatakura mazwi
aya kuvagari vepasi, kwavari
simba rinopihwa ^arekusunga
kwose panyika nekudenga,
uye avo vasingatende ^bneva-
panduki;

9 Hongu, zvirokwazvo, kuva-
sunga kuitira zuva iro ^ahasha
dzaMwari dzichadirwa pa-
musoro ^bpevakaipa zvisina
mupimo—

10 ^aPazuva iro Ishe ravachau-
ya ^bkuzopa mubairo kumunhu
wose maererano ^cnebasa rake,
^dnemwero kumunhu wose
maererano nekuyera nekwa-
nenge ayera nako kune mu-
mwe wake.

11 Nokudaro izwi raIshe riri
nekumigumo yenyika, kuti vose
avo vanoda kunzwa, vanzwe:

12 Gadzirirai imi, gadzirirai
imi icho chichauya, nokuti Ishe
vave pedyo;

13 Uye ^ahasha dzaIshe dzatu-
ngidzwa, ^bnemunondo wavo

wasukwa mudenga, uye ucha-
wira pavagari vepasi.

14 Uye ^aruoko rwalshe rwu-
charatidzwa; uye zuva richau-
ya iro rekuti avo vasingade
^bkunzwa izwi raIshe, kana izwi
revaranda vavo, kana ^cvasinga-
teerere mashoko evaporofita
nevaapositori, ^dvachabviswa
kubva mukati mevanhu;

15 Nokuti ^avarasika kubva
^bmuzvisungo zvangu, uye ^cva-
tyora chibvumirano changu
^dchisingaperi;

16 ^aHavatsvake Ishe kuti va-
mise kururama kwavo, asi
wose munhu anofamba ^bmu-
nzira dzake ^cpachake, uye achi-
tevera ^dmufananidzo wamwari
wake pachake, uyo ane chimi-
ro chakafanana nezvemunyika,
uye hunhu hwacho huri hwe-
chivezwa, icho ^cchinochembe-
ra uye chofira ^fmuBabironi,
kunyangwe Babironi huru, iyo
ichapunzika.

17 Nokudaro, ini Ishe, ndichi-
ziva njodzi ichauya ^apavagari
vepasi ndakaidza muranda
wangu Joseph Smith, Mwana,
uye ndikataura naye ndiri kude-
nga, uye ndikamupa mirairo;

7a Deut. 5:29;
Mpa. 12:13.

b D&Z 1:38.

8a NKM Kusunga.

b NKM Hupanduki.

9a Zvaka. 19:15-16;
1 Ni. 22:16-17.

b Mosaya 16:2;

JS—Mat. 1:31, 55.

10a NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

b Ezk. 7:4; D&Z 56:19.

NKM Jesu Kristu—
Mutongi.

c Zir. 24:12;

Aruma 9:28; 41:2-5;
D&Z 6:33.

d Mat. 7:2.

13a D&Z 63:6.

b Ezk. 21:3; D&Z 35:14.

14a Isa. 53:1.

b 2 Ni. 9:31;

Mosaya 26:28.

c D&Z 11:2.

d Mabasa 3:23;

Aruma 50:20;

D&Z 50:8; 56:3.

15a Josh. 23:16; Isa. 24:5.

b NKM Zvisungo.

c NKM Kurasika

Pachitendero.

d NKM Chibvumirano
Chitsva uye
Chisingaperi.

16a Mat. 6:33.

b D&Z 82:6.

c Isa. 53:6.

d Eks. 20:4; 3 Ni. 21:17.

NKM Kunamata
Zvifananidzo.

e Isa. 50:9.

f D&Z 64:24; 133:14.

NKM Baberi,
Babironi;
Zvemunyika.

17a Isa. 24:1-6.

18 Uye ndikapawo mirairo kune vamwe, kuti vashambadze zvinhu izvi kunyika; uye zvose izvi kuti zvizadzikiswe, izvo zvakanyorwa nemaporofita—

19 “Zvisinasimba zvemunyika zvichauya zvigotyora vemasimba uye nevakasimba, kuti munhu asaraye mumwe wake, kana ^bkuvimba neruoko rwenyama—

20 Asi kuti wose munhu ^aataure muzita raMwari Ishe, kunyangwe iye Muponesi wenyika;

21 Kutiwo rutendo rwuwande panyika;

22 Kuti ^achibvumirano changu chisingaperi chimiswe;

23 Kuti kuzara ^akwevhangeri rangu ^bkushambadzwe ^cnevasinasimba nevanhuwo zvavo, kusvika kumagumo enyika, nepamberi pemadzimambo nevatongi.

24 Tarisai, ndini Mwari uye ndazviture; ^amirairo iyi ndeyangu, uye yakapihwa kuvaranda vangu mukushaya simba kwavo, mutsika ^byerurimi rwavo, kuti vasvike ^cmukunzwisisa.

25 Uye kuti kana vakakanganisa zviitwe kuti zvizivikanwe.

26 Kuti kana sokutsvaga kwavanoita ^aungwaru vachadzidziswa;

27 Uye kuti kana sokutadza kwavanoita ^avanorangwa, kuti ^bvatendeuke;

28 Kuti kana vakange ^avakazvininipisa vachaitwa kuti vasimbe, uye vagoropafadzwa kubva kumusoro, uye vagogashira ^bruzivo nguva nenguva.

29 Uye mushure mekugashira zvinyorwa zvemaNifai, hongu, kunyangwe muranda wangu Joseph Smith, Mwana, ave anokwanisa kuwana simba reku-dudzira kuburikidza nenyashadzaMwari, nesimba raMwari, ^aBhuku raMormoni.

30 Uyewo neavo vakapihwa mirairo iyi vagove vanowana ^asimba rekuwaridza hwaro ^bhwechечи ino, uye nekuriburitsa kubva mukusaziikanwa uye ^cnemurima, iro chete ^dchечи rechokwadi uye rinorarama pamusoro pepasi rose, randinoti ini Ishe, ^erinondifadza zvikuru, ndichiturea kuchечи pamwechete kwete kune mumwe nemumwe—

31 Nokuti ini Ishe handigone

19a Mabasa 4:13;
I VaKori. 1:27;
D&Z 35:13; 133:58–59.
NKM Akapfava.
b 2 Ni. 28:31.
NKM Vimba.

20a NKM Pupura.
22a D&Z 39:11.
NKM Chibvumirano;
Chibvumirano
Chitsva uye
Chisingaperi.

23a NKM Vhangeri.
b NKM Basa
reKushumira.

c I VaKori. 1:26–29.

24a 2 Ni. 33:10–11;
Moro. 10:27–28.

b 2 Ni. 31:3;
Eta 12:39.

c D&Z 50:12.
NKM Kunzwisisa.

26a Jkb. 1:5; D&Z 42:68.
NKM Ungwaru.

27a NKM Kuranga.
b NKM Rutendeuko.

28a NKM Akazvininipisa.
b NKM Ruzivo.

29a NKM Bhuku
raMormoni.

30a D&Z 1:4–5, 17–18.

b NKM Chechi yaJesu
Kristu yaVatendi
vaMazuva
Ekupedzisira;
Kudzorerwa pakare
kweVhangeri.

c NKM Rima,
zveMweya.

d VaE. 4:5, 11–14.
NKM Chechi,

Zviratidzo
zveyeChokwadi.

e D&Z 38:10.

kutarisa “chitadzo ndigombo-chibvumira kana nepadukudu-kutu zvapo;

32 Zvisinei, uyo anotendeuka uye oita mirairo yaIshe “acharegererwa;

33 Uye uyo “asingatendeuke, kwaari ^bkuchabviswa kunyangwe chiedza chaakagashira; nokuti “Mweya wangu hauzoga ^auchinetsana nemunhu, vanodaro Ishe veHondo.

34 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vagari vepasi: Ini Ishe ndinoda kuita kuti zvinhu izvi zvizikanwe kune venyama ^avose;

35 Nokuti handina “tsvete kuvanhu, uye ndinoda kuti vose vanhu vazive kuti ^bzuva riri kukurumidza kuuya; nguva haisati yasvika, asi iri pedyo, apo ^crunyararo rwuchabviswa panyika, uye ^ddhi-abhorosi achave nesimba munzvimbo yake.

36 Uye naiyewo Ishe vachave nesimba ^akuvatendi vavo, uye ^bvachatonga vari ^cpakati pavo, uye vachauya pasi vari ^dmukutonga ^emuEdomi, kana kuti nyika.

37 Nzverai ^amirairo iyi nokuti ndeye chokwadi uye yakate-ndeka, uye huporofita ^bnezvimbiso zviru mairi, zvose zvichazadzikiswa.

38 Zvandataura ini Ishe, ndatura, uye handitsvage chikonzero; uye kana dai zvazvo denga nyenya zvichipfuura, ^aizwi rangu haripfuuri, asi zvose ^bzvichazadzikiswa, kunyangwe ^cnezwi rangu ini kana nezwi ^dravaranda vangu, ^ezvakangofanana.

39 Nokuti tarisai, uye onai, Ishe ndiMwari, uye ^aneMweya unopupura, uye uchapupu ndehwe chokwadi, uye ^bchokwadi chinogara nariini nariini. Amenii.

- 31a Aruma 45:16;
D&Z 24:2.
NKM Chitadzo.
- 32a D&Z 58:42–43.
NKM Regerera.
- 33a Mosaya 26:32.
b Aruma 24:30;
D&Z 60:2–3.
c NKM Mweya Mutsvene.
d Gen. 6:3;
2 Ni. 26:11;
Morm. 5:16;
Eta 2:15;
Moro. 9:4.
- 34a Mat. 28:19;
D&Z 1:2; 42:58.
- 35a Deut. 10:17;
Mabasa 10:34;

- Moro. 8:12;
D&Z 38:16.
- b NKM Mazuva
Ekupedzisira.
- c D&Z 87:1–2.
NKM Runyararo;
Zviratidzo zveNguva.
- d NKM Dhiabhorosi.
- 36a NKM Mutendi.
b NKM Jesu Kristu—
Kutonga paMereniari
kwaKristu.
c Zek. 2:10–11;
D&Z 29:11; 84:118–119.
- d NKM Kutonga.
- e NKM Nyika.
- 37a NKM Magwaro
matsvene.
b D&Z 58:31;

- 62:6; 82:10.
- 38a II Madz. 10:10;
Mat. 5:18; 24:35;
2 Ni. 9:16;
JS—Mat. 1:35.
- b D&Z 101:64.
- c Deut. 18:18;
D&Z 18:33–38; 21:5.
NKM Zvakazarurwa;
Izwi.
- d NKM Muporofita.
- e NKM Mvumo;
Kutsigira
Vatungamiri
veChechi.
- 39a I Joh. 5:6;
D&Z 20:27; 42:17.
b NKM Chokwadi.

CHIKAMU 2

Zvakabviswa kubva mumazwi engirozi Moronai kuna Joseph Smith Muporofita, ari mumba mababa veMuporofita kuManchester, New York, manheru emusi wa21 Gunyana, muna 1823 (History of the Church, 1:12). Moronai ndiye aive wekupedzisira wemudungwe murefu wevanyori venhoroondo uyo vakaita zvinyorwa izvo zvave pamberi penyika iyevzino seBhuku raMormoni. (Yenzanisa Maraki 4:5–6; nezvikamuwo 27:9; 110:13–16; ne128:18).

1, Erija acharatidza hupirisita; 2–3, Zvivimbiso zvamadzibaba zvinodyarwa mumwoyo yevana.

TARISAI, ndicharatidza kwamuri Hupirisita, neruoko “rwaErija, muporofita, kusati kwauya zuva ^bguru rinotyisa raIshe.

2 Uye ^aachadyara mumwoyo yevana ^bzvivimbiso zvakaitwa kumadzibaba, uye mwoyo yevana ichatendeukira kumadzibaba avo.

3 Dai zvisina kudaro, pasi rose raizove rinotsakatika zva-chose pakuyaya kwavo.

CHIKAMU 3

Zvakazarurwa zvakapiwa kuna Joseph Smith Muporofita paHarmony, Pennsylvania, Chikunguru 1828, maererano nokurasika kwemapeji zana negumi nenhanhatu egwaro rakadudzirwa kubva muchikamu chekutanga chemuBhuku raMormoni, icho chainzi bhuku raRihai. Muporofita akanga abvuma achitsutsumwa kuti mapeji aya abve mumaoko ake aende mumaoko aMartin Harris, uyo akange ashanda kwechinguvana semunyori mukududzirwa kweBhuku raMormoni. Zvakazarurwa zvakapiwa kuburikidza neUrimi neTumimi. (History of the Church, 1:21–23.) (Ona chikamu 10.)

1–4 Nzira yaIshe yokusingaperi inogara yakadaro; 5–15, Joseph Smith anofanira kutendeuka kana kuti acharasikirwa nechipo chekududzira; 16–20, Bhuku raMormoni rinouya kuzoponesa mbeu yaRihai.

MABASA uye nehuro-ngwa uye nezvinangwa zvaMwari hazvikwanisike kukanaganiswa, kana kuti zvive zvinhu pasina.

2 Nokuti ^aMwari havafambe

2 1a Mara. 4:5–6;
3 Ni. 25:5–6;
D&Z 110:13–15; 128:17;
Nh—JS 1:38–39.
nkm Erija; Kiyi
dzeHupirisita.

b D&Z 34:6–9;
43:17–26.
2a D&Z 27:9; 98:16–17.
b nkm Ruponeso
rweVakafa; Kusunga.
3 1a Mpi. 8:3–9;

D&Z 10:43.
2a Aruma 7:20.
nkm Mwari, Musoro
hwehuMwari.

munzira dzakakombama, zve havatendeukire kurudyi kana kuruboshwe, zve havabve mune icho chavakataura, nokudaro nzira dzavo dzakatwasanuka, uye nenziro yavo inogara ^byakadaro nekusingaperi.

3 Yeukai, yeukai kuti harisi ^abasa raMwari rinokanganiswa, asi basa revanhu;

4 Nokuti kana dai zvazvo munhu akave nezvakazarurwa zvakawanda aine simba rekuita mabasa mazhinji anoshamisa, kana ari ^aanozvikudza nesimba rake, uye ^bachishora kuraira kwaMwari, uye achitevera zvaanoda nezvido ^czvenyama, akafanira kupunzika uye nokuwana ^dkutsividza kwaMwari anoenzanisa paari.

5 Tarisai, wakachengeteswa zvinhu izvi, asi mirairo yako yakanga yakaoma zvakadii; uye rangerira zvakare zvivimbiso zvakaitwa kwauri, kana ukasazvityora.

6 Uye tarisai, kuti kangani ^akawakatyora mirairo nemitemo ya Mwari, ukafamba uri ^bmukufurirwa nevanhu.

7 Nokuti, tarisai, hauna kufanira kunge ^awakatyana munhu kupfuura Mwari. Kunyangwe zvazvo vanhu vanatora kurai-

ra kwaMwari sekusina maturo, uye ^bnokushora mazwi avo—

8 Asika ungadai wakave wakavimbika; vangadai vakatambanudza ruoko rwavo vakakutsigira mukudzivirira yose ^amiseve inemoto ^byemuvengi; vangadai vakave vainewe panguva yega yega ^cyedambudziko.

9 Tarisai ndiwe Joseph, uye wakarudzwa kuita basa raIshe, asi pamusana pekutadza, kana ukasangwarira uchapunzika.

10 Asi rangerira, Mwari vazere nenyasha; nokudaro, tendeuka pane icho chawaita chisingapindirane nemurairo wandakakupa, nokuti iwe uchiri wakarudzwa, uye iwe urikudaidzwa zvakare kubasa;

11 Kunze kwekunge waita izvi, ucharaswa uye wove sevamwewo vanhu, uye usisina kana chipo.

12 Uye pawakapa icho chawakanga wapihwa naMwari kuona nesimba ^arekududzira, wakapa icho chinoyera mumaoko ^bemunhu akaipa,

13 Uyo akaita kuraira kwaMwari sekusina maturo, uye akatyora zvivimbiso zvinoyeresesa izvo zvakaitwa pamberi paMwari, uye akavimba nekuziva

2b 1 Ni. 10:18–19;
D&Z 35:1.

3a Mabasa 5:38–39;
Morm. 8:22;
D&Z 10:43.

4a D&Z 84:73.
NKM Kudada.

b Jak. 4:10;
Aruma 37:37.
NKM Mirairo

yaMwari; Rairo.
c NKM Zvenyama.
d NKM Kutsividza.

6a D&Z 5:21;
Nh—JS 1:28–29.

b D&Z 45:29; 46:7.

7a Mpi. 27:1;
Ruka 9:26;
D&Z 122:9.

NKM Hushingi; Kutya.

b Zvaka. 26:42–43;
1 Ni. 19:7;

Jak. 4:8–10.

8a VaE. 6:16;
1 Ni. 15:24;
D&Z 27:17.

b NKM Dhiabhorosi.

c Aruma 38:5.

12a D&Z 1:29; 5:4.

b D&Z 10:6–8.

kwake uye “akazvitutumadza neungwaru hwake pachake.

14 Uye ichi ndicho chikonzero chaita kuti urasikirwe nemukana wako kwechinguvana—

15 Nokuti iwe wakabvumira kuraira “kwemutungamiri wako kuti kutsokoderwe kubvira pakutanga.

16 Zvisinei, basa rangu richafambira mberi, nokuti kana sekuuya kwakaita ruzivo “rweMuponesi munyika, kuburikidza ^bneuchapupu hwevaJuda, kunyangwe naizvozvo ‘ruzivo rweMuponesi rwuchauya kuvanhu vangu—

17 Uye “nekumaNifai, nekumaJakobho, uye nemaJosefa, uye nemaZoramu, kuburikidza neuchapupu hwemadzibaba avo—

18 Uye “uchapupu uhwu huchauya muruzivo ^brwemaRamani, uye nemaRemueri, uye

nemaIshumaeri, avo ‘vakadzikira murutendo pamusana pezvitadzo zvemadzibaba avo, avo Ishe akabvumira kuti “vapadze hama dzavo maNifai, pamusana pekutadza kwavo uye nohuipi hwavo.

19 Uye “nechikonzero ichochi ^bmahwendefa aya akachengeledzwa, ayo anezvinyorwa izvi—Kuti ‘zvimbiso zvaIshe zvigozadzikiswa, izvo zvaakaita kuvanhu vake;

20 Uye kuti “maRamani vaue kuruzivo rwemadzibaba avo, uye kuti vazive zvimbiso zvaIshe, uye kuti ^bvatende muvhangeri ‘nokuvimba nezviito zvakana zvaJesusu Kristu, uye ^dnokubwinya kuburikidza nerutendo muzita rake, uye kuti kuburikidza nekutendeuka kwavo, vangaponeswe. Amen.

CHIKAMU 4

Zvakazarurwa zvakapiwa kuburikidza nekuna Joseph Smith Muporofita zvichipihwa kuna baba vake, Joseph Smith, Baba, paHarmony, Pennsylvania, muna Kukadzi 1829 (History of the Church, 1:28).

1–4, Kusatya pakushanda kunoponesa vashumiri vaIshe; 5–6, Kuita kwehumwari kunoita kuti vakodzere hushumiri; 7, Zvinhu zvaMwari zvinofanira kutsvagwa.

ZVINO tarisai, basa “rinoshamisa rave kuda kuuya pakati pevana vevanhu.

2 Naizvozvo, imi munopinda “mubasa raMwari, onai kuti

13a NKM Kudada.

15a NEMAMWE MAZWI Ishe.

16a NKM Muponesi.

b 1 Ni. 13:23–25;

2 Ni. 29:4–6.

c Mosaya 3:20.

17a 2 Ni. 5:8–9.

18a NKM BhukuraMormoni.

b 2 Ni. 5:14;

Eno. 1:13–18.

c 2 Ni. 26:15–16.

d Morm. 8:2–3.

19a 1 Ni. 9:3, 5.

b NKM Mahwendefa

eGoridhe.

c 3 Ni. 5:14–15;

D&Z 10:46–50.

20a 2 Ni. 30:3–6;

D&Z 28:8; 49:24.

b Morm. 3:19–21.

c 2 Ni. 31:19; Moro. 6:4.

d Moro. 7:26, 38.

4 1a Isa. 29:14;

1 Ni. 14:7; 22:8;

D&Z 6:1; 18:44.

NKM Kudzorera

pakare kweVhangeri.

2a NKM Rubatsiro.

^bmamushandira ^cnemwoyo yenyu yose, nokugwinya, nepfungwa, uye nesimba, kuti mumire ^amusina mhaka pamberi paMwari pazuva roku-pedzisira.

3 Naizvozvo, kana muine chido chekushandira Mwari, ^amunodaidzwa kubasa;

4 Nokuti tarisai ^amunda wachena wave kuda ^bkukohwewa uye onai; uyo anoisa jeko rake nokugwinya, iyeyo ^canochengedzwa zvekuti asafe, asi anounza ruponeso kumweya wake;

5 Uye ^arutendo, ^btariro, ^crudo rwakadzama ^anerudo, ^cneziso rakatarisana bedzi ^fkukubwinya kwaMwari, kunomuita kuti akwanise basa.

6 Rangarira rutendo, ^atsika, ru-zivo, kuzvidzora, ^bmwoyo murefu, tsitsi kunevamwe, umwari, rudo ^crwakadzama, kuzvirereka, ^dkushingaira.

7 ^aKumbira, uye uchagashira; gogodza, uye richazarurirwa kwauri. Amenii.

CHIKAMU 5

Zvakazarurwa zvakapiwa nekuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHarmony, Pennsylvania, Kurume, 1829, zvakumbirwa naMartin Harris (History of the Church, 1:28–31).

1–10, *Chizvarwa chino chichagashira izwi raIshe kuburikidza naJoseph Smith; 11–18, Vapupuri vatatu vachapupura nezveBhukuraMormoni; 19–20, Izwi raIshe richasimbiswa semunguva dzakapfuura; 21–35, Martin Harris angangotendeuka uye akave mumwe wevapupuri.*

TARISAI, ndinoti kwauri, kuti sezvo muranda wangu ^aMartin Harris ada uchapupu

kubva muruoko rwangu, kuti iwe, muranda wangu Joseph Smith, Mwana, ^bunemahwendefa ayo awakapupura nezvawo uye ukapupura kuti wakazvitambira kwandiri;

2 Uye zvino tarisai, izvi ndizvo zvauchataura kwauri—iyeyo akataura kwauri, akati kwauri: Ini Ishe, ndini Mwari, uye ndakapa kwauri zvinhu izvi muranda wangu Joseph Smith, Mwana, uye ndikakuraira kuti

2^b Josh. 22:5; I Sam. 7:3; D&Z 20:19; 76:5.

^c NKM Mwoyo; Pfungwa.

^d I VaKori. 1:8; Jak. 1:19; 3 Ni. 27:20.

3^a D&Z 11:4, 15; 36:5; 63:57. NKM Akadaidzwa naMwari.

4^a Joh. 4:35; Aruma 26:3–5;

D&Z 11:3; 33:3, 7.

^b NKM Mukoho.

^c I Tim. 6:19.

5^a NKM Rutendo.

^b NKM Tariro.

^c NKM Rudo Rwakadzama.

^d NKM Rudo.

^e Mpi. 141:8; Mat. 6:22; Morm. 8:15.

^f NKM Kubwinya.

6^a NKM Hunhu

Wakanaka.

^b NKM Mwoyo

Murefu.

^c NKM Akazvinipisa.

^d NKM Hushingi.

7^a Mat. 7:7–8;

2 Ni. 32:4.

NKM Munamoto.

5^{1a} D&Z 5:23–24;

Nh—JS 1:61.

^b NKM Mahwendefa

eGoridhe.

wakafanira kumira “semupupuriri wezvinhu izvi;

3 Uye ndikakuita kuti upinde muchibvumirano neni, kuti usazviratidze kuno kweavo “vanhu vandakakuraira; uye hauna ^bsimba pamusoro pazvo kunze kwekunge ndaripa kwauri.

4 Uye unechipo chekududzira mahwendefa; uye ichi ndicho chipo chekutanga chandakaisa paUri; uye ndakakuraira kuti hakuna chimweze chipo changu ngambire dakara basa rangu razadzikiswa muzvinhu izvi; nokuti handizokupa chimwe chipo kudakara zvapera.

5 Zvirokwazvo, ndinoti kwauri, dambudziko richauya kuvagari vepasi kana “vasingateerere kumazwi angu;

6 Nokuti mushure mezvizvi “uchagadzwa uye woenda uye ugopa ^bmazwi angu kuvana vevanhu.

7 Tarisai, kana “vakasatenda mazwi angu, havangatende iwe, muranda wangu Joseph, kunyange dai zvichikwanisika kuti uvaratidze zvoze zvinhu izvi zvandaisa kwauri.

8 Chizvarwa “chevasingatende ichi uye ^bchakaoma mutsipa — hashu dzangu dzabatidzwa kwauri.

9 Tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwauri, “ndachengetedza zvinhu izvo zvandakaisa mumambo ako, muranda wangu Joseph, nechinangwa cheungwaru mandiri, uye zvichaziviswa zvizvarwa zvichauya;

10 Asi chizvarwa chino chichawana izwi rangu kuburikidza newe;

11 Uye pamusoro peuchapupu hwako, “uchapupu hwevaranda vangu vatatu, avo vandichaidza ndigogadza, kwauri ndicharatidza zvinhu izvi, uye vachaenda nemazwi angu anopihwa kuburikidza newe.

12 Hongu, vachaziva zvechokwadi kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi, nokuti kubva kude nga, ndichazvitaure kwauri.

13 Ndichavapa simba kuti vagona kuona nokutarisa zvinhu izvi sezvazviri;

14 Uye “hakuna mumweze wandichapa simba iri, kuti vatambire uchapupu humwechetehwo pakati pechizvarwa chino, mukutanga kuno noku simuka uye nokuuya ^bkwechichi yangu kubva murenje rakajeka ‘semwedzi — uye nekunaka sezuya, uye nokutyisa semauto anemireza.

15 Uye uchapupu ^ahwevapupu

2a NKM Mupupuri.

3a 2 Ni. 27:13.

Onawo Uchapupu hweVapupuri Vatatu uye Uchapupu hweVapupuri Vasere huri mumapeji emavambo eBhuku raMormoni.

b 2 Ni. 3:11.

5a Jer. 26:4–5;

Aruma 5:37–38;

D&Z 1:14.

6a D&Z 20:2–3.

NKM Gadza.

b 2 Ni. 29:7.

7a Ruka 16:27–31;

D&Z 63:7–12.

8a NKM Kusadaira.

b Morm. 8:33.

NKM Kudada.

9a Aruma 37:18.

11a 2 Ni. 27:12;

Eta 5:3–4;

D&Z 17:1–5.

14a 2 Ni. 27:13.

b NKM Chechi yaJesusu Kristu; Kudzorera pakare kweVhangeri.

c D&Z 105:31; 109:73.

15a D&Z 17:1–20.

NKM Vapupuri veBhuku raMormoni.

puri vatatu ndinohutumira nezwi rangu.

16 Uye tarisai, aninani zvake “anotenda mumazwi angu, iva-vo ndivo ^bvandichashanyira “nokuratidza ^aMweya wangu; uye ^cvachazvarwa neni, kunyangwe nemvura uye neMweya—

17 Uye iwe wakafanira kumbomira kwechinguvana, nokuti hausati “wagadzwa—

18 Uye uchapupu hwavo huchaendawo “mukutongwa kwechizvarwa chino kana vakamesa mwoyo yavo kwavari;

19 Nokuti “shamhu inoparadza ichaenda pakati pevagari vepasi, uye icharamba ichidirwa nguva nenguva, kana ^bvakasatendeuka, kudakara nyika “isisina chinhu, uye vagari vacho vapedzwa uye vaparadzwa zvachose nekupenya ^akwekuuya kwangu.

20 Tarisai, ndinokutaurira zvinhu izvi, kunyangwe “sekutaurira kwandakaitawo vanhu nezvekuparadzwa kweJerusarema; uye ^bizwi rangu richasimbiswa panguva iyoyi sekusimbiswa kwarakamboita kare.

21 Uye zvino ndinokuraira, muranda wangu Joseph, kuti utendeuke uye ufambe waka-

twasanuka pamberi pangu, uye nokusatevedza kunyengegedzwa nevanhu zvakare;

22 Uye nokuti ushinge “mukuchengetedza mirairo iyo yandakakuraira iwe; uye kana ukaita izvi, tarisai ndinokupa iwe upenyu hwokusingaperi, kunyangwe kana ^bukaurawa.

23 Iyezvino, zvakare, ndinotaura kwauri, muranda wangu Joseph, maererano “nemurume arikuda uchapupu—

24 Tarisai, ndinoti kwaari, anozvikudza uye asingazvininipise zvakakwana pamberi pangu; asi kana akakotama pamberi pangu, uye akazvininipisa mumunamato wakasimba nerutendo, muchokwadi chemwoyo wake, ndipo pandichamubvumira “kuona zvinhu zvaanoda kuona.

25 Uye zvino achazoti kuvanhu vechizvarwa chino: Tarisai ndakaona zvinhu izvo zvakararatidzwa naIshe kuna Joseph Smith, Mwana, uye “ndinoziva zvechokwadi kuti ndezvechokwadi, nokuti ndakazviona, nokuti zvakararatidzwa kwandiri nesimba raMwari uye kwete remunhu.

26 Uye ini Ishe ndamuraira iye, muranda wangu Martin Harris,

16a Eta 4:11.
b 1 Ni. 2:16.
c D&Z 8:1–3.
d NKM Mweya Mutsvene.
e NKM Bhabhatidza; Kuberekwa naMwari, Kuberekwa Patsva; Chipo cheMweya Mutsvene.
 17a NKM Mvumo; Gadza.
 18a 1 Ni. 14:7; D&Z 20:13–15.

19a D&Z 29:8; 35:11; 43:17–27.
 NKM Mazuva Ekupedzisira; Zviratidzo zveNguva.
b NKM Rutendeuko.
c Isa. 24:1, 5–6.
d Isa. 66:15–16; D&Z 133:41.
 NKM Kuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu.
 20a 1 Ni. 1:18;

2 Ni. 25:9.
b D&Z 1:38.
 22a NKM Anoteerera.
b Aruma 60:13; D&Z 6:30; 135:1–7.
 23a D&Z 5:1.
 24a Ona Uchapupu hweVapupuri Vatatu huri mumapeji emavambo eBhuku raMormoni.
 25a Eta 5:3.

kuti asataurezve zvimwe kwavari maererano nezvinhu izvi, kunze kwekuti ati: Ndakazviona, zvakaraidzwa kwandiri nesimba raMwari; aya ndiwo mazwi aachataura.

27 Asi akaramba izvi anenge atyora chibvumirano icho chakabvumirana neni kare, uye tarisai, atotongwa.

28 Uye zvino, kunze kwekunge azvininipisa uye nokubvuma kwandiri zvinhu zvaakaita zvaikaipa, uye agobvumirana neni kuti achachengetedza mirairo yangu, uye nokuve nerutendo mandiri, tarisai, ndinoti kwaari, haazomboona zvinhu zvakadaro, nokuti handimupe mukana wekuona zvinhu zvandataura nezvazvo.

29 Uye kana izvi zviri izvo, ndinokuraira iwe, muranda wangu Joseph, kuti uchati kwaari, kuti haachaita zvimwe, kana kundinetsa zvakare maererano nenyaya iyi.

30 Kana izvi zviri izvo, tarisai, ndinoti kwaari Joseph, kana wadudzira mamwe mapeji mashoma, uchambomira kwechi-

nguva, kunyangwe kudakara ndakutaurira zvakare; ipapo wozotanga kududzira zvakare.

31 Uye kunze kwekunge waita izvi, tarisai, hauchazove nechipo zvakare, uye ndichatora zvinhu zvandaisa mauri.

32 Uye zvino pamusana pekuti ndiri kufanoona kuhwandirwa kuti uparadzwe, hongu, ndiri kufanoona kuti kana muranda wangu Martin Harris akasazvininipisa uye agogashira uchapupu kubva muruoko rwangu, kuti achawira mukutadza;

33 Uye kune vazhinji vakahwandira “kukuparadza kubva pameso penyika; uye nechikonzero ichi, kuti mazuva ako apamhidzirwe, ndakakupa mirairo iyi.

34 Hongu, nechikonzero ichi ndataura kuti: Mira, uye umire wakadaro dakara ndakuraira, uye “ndichakupa zvinoita kuti ukwanise kupedza chinhu icho chandakakuraira.

35 Uye kana “wakatendeka mukuchengeta mirairo yangu, ^buchasimudzirwa pazuva reku-pedzisira. Amen.

CHIKAMU 6

Zvakazarurwa zvakapiwa kuna Joseph Smith Muporofita uye naOliver Cowdery, paHarmony, Pennsylvania, mwedzi waKubvumbi 1829 (History of the Church, 1:32–35). Oliver Cowdery akatanga mabasa ake semunyori mukududzira Bhuku raMormoni musu wa7 Kubvumbi 1829. Akange atogamuchira kare kuiswa pachena kutsvene kwechokwadi cheuchapupu hweMuporofita maererano nezvemahwendefa akanga akanyorwa zvinyorwa zveBhuku raMormoni. Muporofita akabvunza Ishe kuburikidza neUrimi neTumimi akagashira mhinduro iyi.

33a D&Z 10:6; 38:13, 28.

34a 1 Ni. 3:7.

35a Eks. 15:26;

D&Z 11:20.

^b Joh. 6:39–40;

I VaT. 4:17;

3 Ni. 15:1;

D&Z 9:14; 17:8;

75:16, 22.

1-6, *Vashandi mumunda waIshe vanowana ruponeso*; 7-13, *Hakuna chipo chikuru kupfuura chipo cheruponeso*; 14-27, *Uchapupu hwechokwadi hunounzwa nesimba reMweya*; 28-37, *Tarisai kuna Kristu, uye muite zvakanaka nguwa dzose.*

BASA “guru uye rinoshamisave kuda kuuya kuvana vevanhu.

2 Tarisai, ndini Mwari; teereraikushoko rangu, iro rinokurumidza uye rakasimba, ^brinopinza kupfuura munondo nochekanekwose, mukupatsanuranepakati zvose nhengo nemwongo; naizvozvo teereraikumashoko angu.

3 Tarisai, “munda wachenawamirira kukohwewa; naizvozvo, uyo anoda kukohwa, ngaaise jeko rake nesimba rake, uye akohwe zuva richiripo, kuti agochengetera mweya wake ruponeso rwusingaperi muumambo hwaMwari.

4 Hongu, ani zvake “achaisajeko rake uye agokohwa, iyeyo akadaidzwa naMwari.

5 Nokudaro, kana “mukakumbira kwandiri muchagashira; kana mukagogodza richazarurirwa kwamuri.

6 Zvino, sekukumbira kwawakaita, tarisai ndinoti kwauri, chengeta mirairo yangu, uye “utsvake kuunza nokumisa chinangwa ^bcheZioni;

7 “Musatsvake ^bupfumi, asi “ungwaru, uye tarisai, ^dzvakananzika zvaMwari zvichapetenurirwa kwauri; uye ndipo pauchaitwa mupfumi. Tarisai, uyo aneupenyu “hwokusingaperi akapfuma.

8 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, kunyangwe sezvaunoshuvira kwandiri zvichave saizvozvo kwauri; uye kana unechishuvo, uchave nzirayekuita zvakanaka zvakananda muchizvarwa chino.

9 Usataure chimwe chinhu kunze “kwekutendeuka kuchizvarwa chino; chengeta mirairo yangu, uye uyamure kuunza basa rangu, maererano nemirairo yangu, uye iwe ucharopofadzwa.

10 Tarisai unechipo, uye wakakomborerwa iwe pamusana pechipo chako. Yeuka kuti “chinoyera uye chinobva kumusoro—

11 Uye kana “ukabvunza, uchaziva ^bzvakananzika izvo zvikuru zvinoshamisa; nokuda-

6 1a Isa. 29:14;
D&Z 4:1-7; 18:44.

2a VaH. 4:12;
Zvaka. 1:16;
D&Z 27:1.

b Hir. 3:29; D&Z 33:1.

3a Joh. 4:35;
D&Z 31:4; 33:3;
101:64.

4a Zvaka. 14:15-19;
Aruma 26:5;
D&Z 11:3-4, 27.

5a Mat. 7:7-8.

6a 1 Ni. 13:37.

b NKM Zioni.

7a Aruma 39:14;
D&Z 68:31.

b I Madz. 3:10-13;

Mat. 19:23;

Jak. 2:18-19.

NKM Upfumi;

Zvemunyika.

c NKM Ungwaru.

d D&Z 42:61, 65.

NKM Zvakavandika
zvaMwari.

e D&Z 14:7.

9a Aruma 29:9;

D&Z 15:6;

18:14-15; 34:6.

NKM Basa

reKushumira;

Rutendeuko.

10a D&Z 63:64.

11a D&Z 102:23;

Nh—JS 1:18, 26.

b Mat. 11:25; 13:10-11;

Aruma 12:9.

ro iwe uhashandisa ‘chipo chako, kuti ugowana zvakavandika, kuti ugounza zvakawanda kuruzivo rwechokwadi, hongu, “uvapwise pamusoro pekukanganisa kwetsika dzavo.

12 Usaite kuti chipo chako chizivikanwe nani kunze kweavo vechitendero chako. Usatambe nezvinhu “zvinoyera.

13 Kana iwe ukaita zvakanaka, hongu, uye “ukaramba uri ^bmurutendo kusvika ‘kumagumo, uchaponeswa muumambo hwaMwari, chinove ndicho chipo chikuru-kuru kupfuura zvose zvipo zvaMwari; nokuti hakuna chipo chikuru kupfuura chipo “cheruponeso.

14 Zvirokwazvo, zvirokwasvo, ndinoti kwauri, wakaropafadzwa iwe pamusana pezvawakaita; nokuti “wabvunza kwandiri, uye tarisai, panguva dzose dzawaibvunza wakagashira kurairwa neMweya wangu. Dai zvakanga zvisina kudaro, ungadai usina kuuya kunzvimbo yauri panguva ino.

15 Tarisai, iwe unoziva kuti wakabvunza kwandiri uye ini ndikajekesa “pfungwa dzako; uye zvino ndiri kukutaurira zvinhu izvi kuti uzive kuti wakajekeswa neMweya wechokwadi;

16 Hongu, ndinokuudza iwe, kuti ugoziva kuti hakuna mumwezve kunze kwaMwari uyo “anoziva pfungwa dzako uye nezvinangwa ^bzvemwoyo wako.

17 Ndinokutaurira zvinhu izvi seuchapupu kwauri — kuti mashoko kana basa iro rawanga uchinyora “nderechokwadi.

18 Naizvozvo “shingaira; ^bmira nemuranda wangu Joseph, norutendo, mukuomerwa kupi zvako kwaangave ari pamusana peshoko iri.

19 Mutsiure mukukanganisa kwake, uye newewo ugashire kutsiurwa naye. Iva nemwoyo murefu, uzive zvauri, zvidzore, uve nomwoyo murefu, rutendo, tariro uye norudo rwakadzama.

20 Tarisai, ndiwe Oliver, uye ndataura kwauri pamusana pezvauri kuda; nokudaro “chengetedza mazwi aya mu-mwoyo mako. Iva unotendeka nokushingirira mukuchengeta mirairo yaMwari, uye ini ndichakukomberedza mumaoko erudo rwangu.

21 Tarisai, ndini Jesu Kristu, “Mwanakomana waMwari. Nдини mumwecheteyo akauya kune ^bvangu, uye vekwangu vakasandigamuchira. Nдини ‘chiedza

11c NKM Chipu; Zvipo zveMweya.
d Jkb. 5:20;
Aruma 62:45;
D&Z 18:44.
12a Mat. 7:6.
13a 1 Ni. 15:24.
b Mosaya 2:41;
Eta 4:19;
D&Z 51:19; 63:47.
c NKM Tsungirira.

d NKM Ruponeso.
14a NKM Munamoto.
15a NKM Pfungwa.
16a I Mak. 28:9;
Mat. 12:25;
VaH. 4:12;
Mosaya 24:12;
3 Ni. 28:6.
NKM Saruzivo.
b I Madz. 8:39.
17a D&Z 18:2.

18a NKM Hushingi.
b D&Z 124:95-96.
20a Eta 3:21; D&Z 84:85.
21a NKM Jesu Kristu.
b Joh. 1:10-12;
Mabasa 3:13-17;
3 Ni. 9:16;
D&Z 45:8.
c Joh. 1:5; D&Z 10:58.
NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

chinopenya ^dmurima, uye rima harichinzwisise.

22 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwauri, kana uchida humwe uchapupu, isa pfungwa yako kuusiku hwawakachema kwandiri mumwoyo mako, kuti ^augoziva chokwadi chezvinhu izvi.

23 Handina here kutaura ^arunyararo kupfungwa dzako maererano nezvenyaya iyi? Ungawane ^buchapupu hwakakura sei kupfuura hunobva kuna Mwari?

24 Uye zvino, tarisai, wagashira uchapupu; nokuti kana ndakutaurira zvinhu zvisina munhu anozviziva, hauna kugashira uchapupu here?

25 Uye tarisai, ndinopa kwauri chipo, kana uchichida kwandiri, ^achekududzira, kunyangwe semuranda wangu Joseph.

26 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwauri, kuti kune ^azvinyorwa zvine zvizhinji zvehangeri rangu, izvo zvichakanzwa kuburitswa pamusana ^bpehuipi hwevanhu;

27 Uye zvino ndinokuraira, kuti kana uine zvido zvakanaka—chido chekuzvirongedzera upfumi hwedenga—saka uchayamura mukuunza

kuchiedza, nechipo chako, izvo zvidimu ^azvemagwaro matsvene angu zvakavigwa pamusana pehuipi.

28 Uye zvino tarisai, ndinopa kwauri nekumuranda wangu Joseph, makiyi echipo ichi, chichaunza muchiedza vhangeri rino; uye mumuromo yavaviri kana vatatu ^avapupuri, shoko rimwe nerimwe richamiswa.

29 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwauri, kana vakaramba mazwi angu, nechidimu chino chevhangeri rangu nehushumiri, wakaropafadzwa iwe, hakuna chimwe chavangaite kwauri chinopfuura chavangaite kwandiri.

30 Uye kana ^avakaita kwauri kunyangwe sezvakaita kwandiri, wakaropafadzwa iwe, nokuti ^buchagara neni ^cmukubwinya.

31 Asi kana ^avakasaramba mazwi angu ayo achamiswa ^bneuchapupu huchapihwa, wakaropafadzwa, uye ndipo pachawana rufaro mumuchero wekushanda kwako.

32 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwauri, sekutaura kwandakaita kuvadzidzi vangu, pane vaviri kana vatatu ^avaungana pamwe chete muzita rangu,

21d NKM Rima, zveMweya.

22a NKM Kuziva kuburikidza neMweya, Chipo che.

23a NKM Runyararo.
 b I Joh. 5:9;
 D&Z 18:2.

25a Mosaya 8:13;
 D&Z 5:4; 9:1–5, 10.

26a D&Z 8:1; 9:2.

NKM Magwaro matsvene—Magwaro matsvene akaporofitwa kuti achauya.
 b NKM Akaipa.

27a D&Z 35:20.
 28a Deut. 19:15;
 II VaKori. 13:1;
 2 Ni. 27:12–14;
 D&Z 128:3.

30a D&Z 5:22; 135:1–7.

NKM Kuponderwa Chitendero.

b Zvaka. 3:21.

c NKM Kubwinya.
 31a 3 Ni. 16:10–14;
 D&Z 20:8–15.

b NKM Uchapupu.
 32a Mat. 18:19–20.
 NKM Kubatana.

uye sekubata chinhu chimwe chete, tarisai, ndinenge ndiripo ^bpakati pavo—kunyangwe izvozvi ndiripakati penyu.

33 ^aMusatye kuita zvakanaka, vanakomana vangu, nokuti pane chose ^bchamunodyara, icho ndicho chamuchakohwawo; naizvozvo, kana mukadyara kunaka, muchakohwawo chakanaka semubairo wenyu.

34 Nokudaro, musatye, imi vegungano diki; itai zvakanaka: regai nyika negehena zvikukutsiranei, nokuti kana

makavakira “padombo rangu, hazvikukwanisei.

35 Tarisai, handikutongi, endai nenzira dzenyu uye “musatadzeze; itai muchiziva zvamuri basa randakakurairai.

36 ^aTarisai kwandiri mupfungwa yose; musakahadzike, musatye.

37 ^aTarisai maronda akabaiwa parutivi rwangu, uye nemavanga ^bezvipikiri ari mumaoko netsoka dzangu; ivai nerute-ndo, chengetai mirairo yangu, uye ^cmuchagara nhaka ^dyeumambo hwekudenga. Amen.

CHIKAMU 7

Zvakazarurwa zvakapiwa kuna Joseph Smith Muporofita naOliver Cowdery, paHarmony, Pennsylvania, Kubvumbi 1829, pavakabvunza kuburikidza neUrimu neTumimi kuti Johane, mudzidzi aidiwa zvikuru, agere here munyama kana kuti akafa. Zvakazarurwa izvi kumwe kududzira kwezvinyorwa zvakaitwa padehwe naJohane uye zvikavigwa naiye pachake (History of the Church, 1:35-36).

1-3, *Johane Mudikani achararama kudakara Ishe vauya; 4-8, Petro, Jakobo naJohane vakabata kiyi dzevhangeri.*

UYE Ishe vakati kwandiri: Johane, “mudiwa wangu,

chii ^bchaunoda? Nokuti ukakumbira chaunoda, uchapihwa.

2 Uye ndakati kwavari: Ishe, ndipei simba rekukunda “rufu, kuti ndirarame uye kuti ndigounza mweya kwamuri.

3 Uye Ishe vakati kwandiri:

32b D&Z 29:5; 38:7.

33a NKM Hushingi.

^b VaG. 6:7-8;

Mosaya 7:30-31;

Aruma 9:28;

D&Z 1:10.

34a Mpi. 71:3;

Mat. 7:24-25;

I VaKori. 10:1-4;

Hir. 5:12;

D&Z 10:69;

18:4, 17; 33:13;

Mos. 7:53.

NKM Ibwe.

35a Joh. 8:3-11.

36a Isa. 45:22;

D&Z 43:34.

37a NKM Jesu Kristu—

Kuwonekwa

kwaKristu mushure

mekufa.

^b NKM Kuroverwa.

^c Mat. 5:3, 10;

3 Ni. 12:3, 10.

^d NKM Umambo

hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

7 1a NKM Johane,

Mwanakomana

waZebedi.

^b 3 Ni. 28:1-10.

2a Ruka 9:27.

NKM Rufu, rwenyama.

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, nokuti unechido ichi, “uchagara kudakara ndauya ^bmukubwinya kwangu, uye “uchiporofita pamberi pemarudzi, madzinza, ndimi, nevanhu.

4 Uye nechikonzero ichi Ishe vakati kuna Petro: Kana ndikaita kuti agare kusvika ndauya, zvinorevei kwauri? Nokuti akakumbira kwandiri kuti aunze mweya kwandiri, asi iwe unoda kuti uuye nokukurumidza kwandiri “muumambo hwangu.

5 Ndinoti kwauri, Petro, ichi chido chakanaka, asi mudiwa wangu ada kuti aite zvakawanda, kana kuti basa guru kupfu-

ura, raakamboita kare, mukati mevanhu.

6 Hongu, atora basa guru kupfuura repakutanga; nokudaro ndichamuita semoto unerimi uye sengirozi “inoshumira; achashumira avo vachave ^bvagari venhaka yeruponeso “panyika.

7 Uye ndichaita kuti umushumirire uye nemunin’ina wako Jakobo; uye kwamuri imi vatatu ndichapa simba iri “nemakiyi ehushumiri uhwu kudakara ndauya.

8 Zvirokwazvo ndinoti kwauri, mose muchawana maererano nezvamunoda, nokuti mose “munofara mune icho chamunoda.

CHIKAMU 8

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Oliver Cowdery, paHarmony, Pennsylvania, mwedzi weKubvumbi 1829 (History of the Church, 1:36–37). Mukududzirwa kweBhuku raMormoni, Oliver, akaramba achishanda ari munyori, achinyora zvaididzirwa neMuporofita, akada kuti apihwe chipo chekududzira. Ishe vakapindura kukumbira kwake nekupa chakazarurwa chino.

1–5, *Zvakazarurwa zvinouya nesimba reMweya Mutsvene; 6–12, Ruzivo rwezvakavanzika zvaMwari uye nesimba rekududzira zvinyorwa zvepasichigare rwunouya nerutendo.*

“**O**LIVER Cowdery, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, nechokwadi, sekurarama kunoita Ishe, avo wanove ndivo Mwari wako uye neMununuri wako, kunyangwe

3a Joh. 21:20–23.
 NKM Vanhu
 Vakapindurwa.
 b NKM Kubwinya;
 Kuuya Kwechipiri
 kwaJesu Kristu.
 c Zvaka. 10:11.
 4a NKM Umambo

hwaMwari kana
 Umambo
 hweKudenga.
 6a D&Z 130:5.
 b D&Z 76:86–88.
 c Joh. 10:8–11;
 D&Z 77:14.
 7a Mat. 16:19;

Mabasa 15:7;
 Nh—JS 1:72.
 NKM Kiyi
 dzeHupirisita.
 8a NKM Rufaro.
 8 1a Nh—JS 1:66.
 NKM Cowdery, Oliver.

chokwadi uchagashira ^bruzivo rwezvinhu zvose zvazvo zvau-ngade kana ^cukakumbira muru-tendo, nemwoyo unovimbika, uchitenda kuti uchatambira ru-zivo maererano nekunyorwa ^akwezvinyorwa zvekare, izvo zvepasi chigare, zvine zvidimu izvo zvemagwaro matsvene angu zvakataurwa ^cnekuiswa pachena neMweya wangu.

2 Hongu, tarisai ^andichakuu-dza mupfungwa dzako ^bnemu-mwoyo mako, neMweya ^cMu-tsvene, uyu uchauya pauri uye uyu uchagara mumwoyo mako.

3 Zvino tarisai, uyu ndiwo mweya wezvazarurwa; tarisai, uyu ndiwo mweya uyo wakaita kuti Mosesi aunze vana vaIsra-eri mukupfuura nemuGungwa ^aDzvuku pavhu rakaoma.

4 Nokudaro ichi ndicho chipo chako; chishandise, uye wakaro-pafadzwa iwe, nokuti zvichaku-bvisa mumaoko evavengi vako, nokuti, dai zvakanga zvisiri izvo, vaikuponda uye nokuunza mweya wako mukuparadzwa.

5 Rangarira ^amazwi aya, uye chengeta mirairo yangu. Ranga-rira, ichi ndicho chipo chako.

6 Zvino ichi hachizicho chipo chako chete; nokuti unechi-mwe chipo, icho chiri chipo

chaAroni; tarisai, chakuudza zvinhu zvizhinji;

7 Tarisai, hakuna rimwe simba, kunze kwesimba raMwari, iro rinogona kuita kuti chipo ichi chaAroni chive newe.

8 Nokudaro, usakahadzike, nokuti chipo chaMwari; uye uchachibata mumaoko ako, uye ugoita mabasa anoshamisa; uye hakuna simba richagona ku-chitora kubva mumaoko ako, nokuti ibasa raMwari.

9 Uye nokudaro, chose zvacho chauchandikumbira kuti ndiku-taurire netsika iyoyo, ichocho ndichachipa kwauri, uye ucha-ve neruzivo maererano nacho.

10 Rangarira kuti pasina ^aru-tendo hakuna chaungaite; no-kudaro kumbira murutendo. Usatambe nezvinhu izvi; ^bUsa-kumbire icho chisingafanirwe.

11 Kumbira kuti uzive zvaka-vanzika zvaMwari, uye ^audu-dzire uye ugegashira ruzivo kubva kuzvinyorwa zvose izvo zvepasichigare izvo zvakange zvakavigwa, izvo zvinoyera; uye maererano nerutendo rwa-ko zvichaitwa kwauri.

12 Tarisai, ndini ndazvitaure; uye ndini iye mumwecheteyo akataura kwauri kubvira paku-tanga. Amen.

CHIKAMU 9

Zvakazarurwa zvakapiwa nekuna Joseph Smith Muporofita kuna Oliver Cowdery, paHarmony, Pennsylvania mwedzi waKubvumbi 1829 (History

1b NKM Ruzivo.

c NKM Munamoto.

d D&Z 6:26-27; 9:2.

e D&Z 5:16.

2a D&Z 9:7-9.

NKM Zvakazarurwa.

b NKM Mwoyo.

c NKM Mweya

Mutsvene.

3a Eks. 14:13-22;

Deut. 11:4; 1 Ni. 4:2;

Mosaya 7:19.

NKM Gungwa

Dzvuku.

5a Deut. 11:18-19.

10a NKM Rutendo.

b D&Z 88:63-65.

11a D&Z 9:1, 10.

of the Church, 1:37-38). *Oliver anotsiurwa kuti ave nemwoyo murefu uye anokurudzirwa kuti agutswe nekunyora, kwenguva ino, achidaidzira nemududziri, pane kuti ayedze kududzira.*

1-6, *Zvimwe zvinyorwa zvekare zvichazodudzirwa; 7-14 Bhuku ra-Mormoni rinodudzirwa nokudzidza uye nokusimbiswa nemweya.*

TARISAI, ndinoti kwauri mwanakomana wangu, nepamusana pekuti hauna “kududzira maererano neizvo zva-waida kwandiri, uye ukatanga zvakare kunyorera ^bmuranda wangu, Joseph Smith, Mwana, kunyangwe zvakadaro ndinoti dai waramba uchienderera mberi kudakara mapedza zvinyorwa izvi, izvo zvandakaisa mumaoko ake.

2 Uye zvino tarisai, ndine “zvimwe ^bzvinyorwa, izvo zvandichakupa simba kuti uyamure mukududzira.

3 Ita mwoyo murefu, mwanakomana wangu, nokuti ungwaru mandiri, uye hazvikodzere kuti ududzire panguva ino.

4 Tarisai, basa rawakadaidzira kuita kunyorera muranda wangu Joseph.

5 Uye tarisai, pamusana pekuti hauna kuramba uchienderera mberi, sekutanga kwawanga-waita, pawakatanga kududzi-

ra, zvaita kuti nditore kodzero iyi kubva kwauri.

6 “Usanyunyute, mwanakomana wangu, nokuti ungwaru mandiri kuti ndaita izvi kwauri netsika iyi.

7 Tarisai, hauna kunzwisisa; wakafunga kuti ndichangokupa kwauri, iwe usina kumboita imwe pfungwa kunze kweyekundikumbira.

8 Asi tarisai, ndinoti kwauri, “zvidzidze mupfungwa dzako; zvino ^bwondibvunza kuti zvakanaka here, kana zvakanaka, ndichakonzera “chipfuva chako kuti ^dchipise, naizvozvo “uchanzwa kuti zvakanaka.

9 Asi kana zvisina kunaka hazove nokunzwa zvakadaro, asi uchave nepfungwa “yakagomara ichakuita kuti ukanganwe chinhu ichocho chakaipa; naizvozvo, haukwandise kunyora icho chinoyera kunze kwekunge watochipihwa kubva kwandiri.

10 Zvino, dai wakanga uchiziva izvi ungadai “wakadudzira; zvisinei, hazvichakodzera kuti ududzire zvino.

11 Tarisai, zvakananga zvakafanira pawakatanga, asi “wakatya,

9 1a D&Z 8:1, 11.
b Nh—JS 1:67.

2a Ziviso pfupi pakuwedzera kwedudziro kuchaitwa, kusanganisira kudziro yaJoseph Smith yeBhaibheri

neBhuku raAbrahama, munove Oliver Cowdery akabatsira semunyori. NKM Dudziro yaJoseph Smith (DJS).
b D&Z 6:26; 8:1.
6a NKM Kutsutumwa.
8a NKM Fungisisa.

b NKM Munamoto.
c Ruka 24:32.
d NKM Kutunhwa; Uchapupu.
e D&Z 8:2-3.
9a D&Z 10:2.
10a D&Z 8:11.
11a NKM Kutya.

uye nguva yacho yapfuura, uye hazvichakodzera zvino;

12 Nokuti, hauone here kuti ndakapa kumuranda wangu “Joseph simba rakakwana, mukugadzirwa kwazvakaitwa? Uye hapana mumwe wenyu wandatonga.

13 Ita chinhu ichi chandaku-

raira, uye uchabudirira. Iva wakatendeka, uye usakundwe “nekuyedzwa.

14 Mira wakasimba “mubasa iro ^brandakakudaidzira, uye hakuna kavhudzi kemumusoro mako kacharasika, uye iwe “uchasimudzirwa pazuva rekupedzisira. Amenii.

CHIKAMU 10

Zvakazarurwa zvakapiwa kuna Joseph Smith Muporofita, paHarmony, Pennsylvania muzhizha ra1828 (History of the Church, 1:20–23). Muno Ishe vanoudza Joseph nezvezvinhu zvakashandurwa nevanhu vakaipa, muma peji 116 ezvinyorwa zvakabva mukududzirwa kwebhuku raRihai, muBhuku raMormoni. Mapeji ezvinyorwa izvi akange arasika aina Martin Harris uyo akange amboapihwa. (Ona musoro wenyaya kuchikamu 3.) Zvakaipa zvakanga zvarongwa zvaive kududzirwa kwaitarisirwa zvekududzirwa zvakare kwezvinhu zvakanga zviru mumapeji ayo akanga abiwa, uye nokuzoshora mududziri nokuratidza zvakakangani-swa nekupindurudzwa kwakange kwaitwa. Kuti chinangwa chakaipa ichi chakanga chafungwa newakaipa uye zvaizikanwa naIshe kana pakanga Mormon, munyori wecheki wakare wechiNifai, paaidimbudzira murwi wemahwendefa, zvinoratidzwa muBhuku raMormoni (tarisa Mazwi aMormoni 1:3–7).

1–26, Satani anomutsiridza vanhu vakaipa kuti varwise basa raIshe; 27–33, Anotsvaka kuparadza mweya yevanhu; 34–52, Vhangeri rakafanira kuenda kumaRamani uye nekumarudzi ose kuburikidza neBhuku raMormoni; 53–63, Ishe vachamisa Chechi yavo nevhangeri ravo mukati mevanhu, 64–70, Vachaunganidza vanotendeuka muChechi yavo uye vachaponesa vanoteerera.

ZVINO tarisai, ndinoti kwauZri, pamusana pekuti wakapa zvinyorwa izvo zvawakanga wapirwa simba rekududzira uchiyamurwa “neUrimi neTumimi, mumaoko emunhu ^bakaipa, wazvirasa.

2 Uye warasikirwawo nechipo chako nguva imwecheteyo, uye “pfungwa yako yakadzima.

3 Zvisinei, “chadzorerwa kwauri zvakare; naizvozvo chiona kuti wavimbika uye uenderere

12a D&Z 18:8.

13a NKM Chiedzo.

14a I VaKori. 16:13.

b NKM Akadaidzwa

naMwari.

c Aruma 13:29;

D&Z 17:8.

10 1a NKM Urimi

neTumimi.

b D&Z 3:1–15.

2a NKM Pfungwa.

3a D&Z 3:10.

mberi kudakara wasvika paku-
pedzisa zvakasara zvebasa re-
kududzira semavambiro awa-
kangewaita.

4 Usamhanye “zvapakfuriki-
dza kana kushanda kupfuura
zvaune ^bsimba nazvo nenzira
yawakapihwa yekukuita kuti
ugone kududzira; asi ‘shingai-
ra kusvika kumagumo.

5 “Namata nguva dzose, kuti
ubude uri mukundi; hongu, kuti
ukurire Satani, uye kuti upunyu-
ke mumaoko avaranda vaSatani
avo vanosumudzira basa rake.

6 Tarisai, vakatsvaka “kukupar-
adza; hongu, kunyangwe ^bmu-
rume wawakanga wavimba
naye akatsvaka kukuparadza.

7 Uye nechikonzero ichi nda-
kamuti munhu akaipa, nokuti
akatsvaka kutora zvinhu izvo
zvakaikwa mumaoko ako; uye
akatsvakawo kuparadza chipo
chako.

8 Uye pamusana pekuti waka-
isa zvinyorwa mumaoko ake,
tarisai, vanhu vakaipa vazvito-
ra kubva kwauri.

9 Naizvozvo, wakaisa, hongu,
icho chinoera, muhupi.

10 Uye tarisai, “Satani azviisa
mumwoyo yavo kuti vashandu-
re mazwi awakaita kuti anyo-
rwe, kana kuti awakadudzira,
ayo akabva mumaoko ako.

11 Uye tarisai, ndinoti kwauri,
nepamusana pekuti vashandura
mazwi, ave kutaura zvakasiya-
na neizvo zvawakadudzira uye
ukaita kuti zvinyorwe;

12 Uye netsika iyi, dhiabhorosi
atsvaka kuita chirongwa che-
mano, kuti aparadze basa iri;

13 Nokuti azviisa mumwoyo
mavo kuti vaite izvi, kuti noku-
nyepa vangati “vakubata ne-
mazwi ayo awakanyepera ku-
dudzira.

14 Zvirokwazvo, ndinoti kwa-
uri, handizobvumira kuti Sata-
ni akwanise kuita zano rake
rakaipa muchinhu ichi.

15 Nokuti tarisai, akachiisa
mumwoyo yavo kuti vakuite
kuti uyedze Ishe Mwari vako,
mukukumbira kuti uzozvidu-
dzira zvakare.

16 Uye zvino tarisai, vanoti
uye vachifunga mumwoyo
yavo—Tichaona kana Mwari
vakamupa simba rekududzira;
kana zviriiizvo, vachamupawo
simba zvakare;

17 Uye kana Mwari vakamupa
simba zvakare, kana kuti vaka-
dudzira zvakare, kana kuti
nemamwe mazwi, kana vakabu-
ritsa mazwi mamwechetewo,
tarisai, tine mamwechetewo
atiinawo, uye takashandura;

18 Naizvozvo haazowirirana,
uye tinobva tati anyepa muma-
zwi ake, uye nokutiwo haana
chipo, uye nokutiwo haana
simba;

19 Naizvozvo tinobva tamu-
paradza, uye nebasa racho;
uye tichaita izvi kuti tirege ku-
zonyara pakupedzisira, uye
kuti tigowana kurumbidzwa
nenyika.

4a Mosaya 4:27.
b Eks. 18:13-26.
c Mat. 10:22.
NKM Hushingi.

5a 3 Ni. 18:15-21.
NKM Munamoto.
6a D&Z 5:32-33; 38:13.
b D&Z 5:1-2.

10a NKM Dhiabhorosi.
13a Jer. 5:26.

20 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, Satani akabata mwoyo yavo zvikuru; ^aanova-mutsiridza ^bmukuipa kwekurwisana neicho chakanaka;

21 Uye mwoyo yavo ^ayakaora, uye izere ^bnohuipi uye nokunyangadza; uye ^cvanoda ^drima, pane chiedza, nokuti ^ezviito zvavo zvakaipa, naizvozvo havandikumbire.

22 ^aSatani anovamutsiridza, kuti ^bagotungamirira mweya yavo kunoparadzwa.

23 Uye saka aita zano remano, achifunga kuparadza basa raMwari; asi izvi ndichazvida kubva mumaoko avo, uye zvichavapindukira mukunyara kwavo nekuwanikwa vaine mhoswa muzuva ^arekutongwa.

24 Hongu, anomutsa mwoyo yavo mukushatirwa mukurwisa basa iri.

25 Hongu, anoti kwavari: Nyengedzai uye muhwandire kuti mubate, kuti mugoparadza; tarisai, izvi hazvikuvadze. Uye nokudaro anovanyengedza, uye achivaudza kuti hachisi chitadzo ^akunyepa kuti mubate munhu mumanyepo, kuti mugovaparadza.

26 Uye nokudaro anovanyengedza, uye ^aovatungamira achienda kudakara azvuvira

mweya yavo pasi ^bmugehena; uye nokudaro anoita kuti vazvibate ^cmuriva ravo.

27 Uye nokudaro anokwira achidzika, ^aachienda achidzoka munyika, achitsvaka ^bkuparadza mweya yavanhu.

28 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, nhamo kune uyo anonyepa kuti ^aanyengedze nokuti anenge achifunga kuti mumwe ari kunyepa kuti anyengere, nokuti ivo vakadai havazoregererwa ^bmukutonga kunoenzanisa kwaMwari.

29 Zvino tarisai; vashandura mazwi aya, nokuti Satani anoti kwavari: Akakunyengedzai— uye nokudaro anovanyengedza kuti vaite zvakaipa, kuita kuti iwe ^auyedze Ishe Mwari vako.

30 Tarisai, ndinoti kwauri, kuti hauchadudzira zvakare mazwi ayo akaenda achibva mumaoko ako;

31 Nokuti tarisai, havazokwanisa kuita zvirongwa zvavo zvakaipa mukunyepa vachirwisana nemazwi aya. Nokuti tarisai, kana ukaunza mazwi mamwechetewo vachati wanyepa uye voti wange uchinyepera kududzira, asi kuti wazvipikisa iwe pachako.

32 Uye tarisai, vachashambadza izvi, uye Satani achaomesa

20a 2 Ni. 28:20–22.

^b NKM Chitadzo.

21a D&Z 112:23–24.

^b NKM Akaipa.

^c Mos. 5:13–18.

^d Mosaya 15:26.

NKM Rima,
zveMweya.

^e Joh. 3:18–21;

D&Z 29:45.

22a 2 Ni. 2:17–18.

^b NKM Chiedzo.

23a Hir. 8:25;

D&Z 121:23–25.

25a 2 Ni. 2:18; 28:8–9;

Aruma 10:17;

Mos. 4:4.

NKM Kunyepa.

26a NKM Kurasika

Pachitendero.

^b NKM Gehena.

^c Zir. 29:5–6;

1 Ni. 14:3.

27a Jobo 1:7.

^b 2 Ni. 28:19–23;

D&Z 76:28–29.

28a NKM Hunyengedzi.

^b VaR. 2:3.

NKM Yenzaniso.

29a Mat. 4:7.

mwoyo yevanhu kuvamutsiridza kuti vakushatirirwe, zvekuti havazotenda mazwi angu.

33 Nokudaro “Satani anofunga kukurira uchapupu hwako muchizvarwa chino, kuti basa ritadze kuuya muchizvarwa chino.

34 Asi tarisai, houno ungaru, uye pamusana pekuti ndinokuratidza “ungwaru, uye nokukupamirai maererano nezvinhu izvi, zvauchaita, usazviratidze kunyika kudakara wapedza basa rekududzira.

35 Usashamiswe kuti ndati kwauri: Houno ungaru, usazviratidze kunyika—nokuti ndati usazviratidze kunyika, kuti uchengetedzwe.

36 Tarisai, handisi kuti hauchazozviratidza kunevakarurama;

37 Asi sezvo usingazive “vakarurama nguva dzose, kana kuti sezvo usingagone nguva dzose kupatsanura vakaipa kubva kune vakarurama, naizvozvo ndinoti kwauri, ^bchimbonyarara kudakara ndaona zvakafanira kuti ndiite kuti zvinhu zvose zvizikanwe kunyika maererano nenyaya iyi.

38 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kwauri, kuti rondedzero “yezvinhu izvo zvawakanyora, izvo zvakabva mumaoko ako, yakanyorwa ^bpamahwendefa aNifai;

39 Hongu, uye rangarira kuti zvakanzi muzvinyorwa izvo-

zvo rondedzero izere yakapihwa yezvinhu izvi pamahwendefa aNifai.

40 Uye zvino, nokuti rondedzero yakanyorwa pamahwendefa aNifai yakanyatsokwana maererano nezvinhu izvo muungwaru hwangu, zvandinofanira kuunza kuruzivo rwevanhu vari murondedzero ino—

41 Nokudaro uchadudzira zvinyorwa zviri “pamahwendefa aNifai, wodzika kunyangwe kudakara wasvika mukutonga kwamambo Benjamini, kana kudakara wasvika pane izvo zvawakadudzira, zvawachengetedza;

42 Uye tarisai, uchazvishambadza sezvinyorwa zvaNifai, uye naizvozvo ndichanyadzisa avo vakashandura mazwi angu.

43 Handizovabvumira kuti vaparadze basa rangu; hongu, ndichavaratidza kuti ungaru hwangu hukuru panemano adhiabhorosi.

44 Tarisai, vane chidimu chete, kana kuti mudimbudzirwa werondedzero yaNifai.

45 Tarisai, kune zvinhu zvizhijiji zvakanyorwa pamahwendefa aNifai izvo zvinopa rujeko rwakawedzerwa pavhangeri rangu; naizvozvo, ungaru kwandiri kuti iwe ududzire chikamu chino chekutanga chezvinyorwa zvaNifai, uye wozvitumira mubasa rino.

33a NKM Dhiabhorosi.

34a NKM Ungwaru.

37a Mat. 23:28.

^b Eks. 14:14.

38a Mumavambo eBhukuraMormoni rekutanga,

Muporofita akatsanagura kuti zvirimo mumapeji 116 akarasika zvakanga zvadudzirwa kubva

muchidimbu chemahwendefa chainzi “BhukuraRihai.”

^b NKM Mahwendefa.

41a Mazwi 1:3–7.

46 Uye tarisai, zvose zvasara “zvebasa rino zvine zvose zvidimbu ^bzvevhangeri rangu izvo vaporofita vangu matsvene, hongu, uye nevadzidzi vanguwo, ^cvaida muminamoto yavo kuti zviuye kuvanhu vano.

47 Uye ndakati kwavari, ^avachazvipihwa maererano ^bnerutendo rwavo muminamoto yavo.

48 Hongu, uye urwu ndirwo rwange rwuri rutendo rwavo kuti vhangeri rangu, iro randakavapa kuti vaparidze muma-zuva avo, rwungauye kuhama dzavo ^amaRamani uyewo nekune avo vose vakanga vave maRamani pamusana pekusabvumirana kwavo.

49 Zvino, izvi hazvisi zvose — rutendo rwavo muminamoto yavo rwaive rwekuti vhangeri rino riitwe kuti rizivikanwewo, kana zvichibvira kuti mamwe marudzi atore nyika ino;

50 Uye saka vakasiya maropafadzo panyika ino muminamoto yavo, kuti ani zvake achatenda muvhangeri rino munyika ino awane upenyu hwokusingaperi;

51 Hongu, kuti rive rakasununguka kune vose verudzi rwupi zvarwo, madzinza, ndimi, chero vanhu vapi zvavo vava-ngave vari.

52 Uye zvino, tarisai, maerera-no nerutendo rwavo mumina-

mato yavo, ndichaunza chidimu chino chevhangeri rangu kuruzivo rwevanhu vangu. Tarisai, handiriunze kuti riparadze icho chavakatambira, asi kuchivaka.

53 Uye nechikonzero ichi ndakati: Kana chizvarwa chino chikasaomesa mwoyo yacho, ndichamisa chechi yangu pakati pavo.

54 Zvino handitaure izvi kuti ndiparadze chechi yangu, asi ndinotaura izvi kuti ndivake chechi yangu.

55 Naizvozvo, ani zvake wemuchechi yangu, haafanire ^akutya nokuti ivavo ^bvachagara nhaka ^cyeumambo hwekudenga.

56 Asi ndeavo ^avasinganditye, kana kuchengeta mirairo yangu, vanozvivakira ^bmachechi kuti vawane ^cpundutso, hongu, uye neavo vose vanoita zvakaipa uye vachivaka umambo hwadhiabhorosi — hongu, zvi-rokwazvo, zvi-rokwazvo, ndinoti kwauri, ndivo ivavo vandichakanganisa, uye ndigoita kuti vadedere, uye nokubvunda kusvika mukati.

57 Tarisai, ndini Jesu Kristu, ^aMwanakomana waMwari. Ndakauya kune vangu, uye vangu vakasanditambira.

58 Ndini ^achiedza chinopenya murima, uye rima harichinzwisise.

59 Ndini iye akati — Ndine

46a NKM Bhuku raMormoni.
b NKM Vhangeri.
c Eno. 1:12–18;
Morm. 8:24–26;
9:34–37.
47a 3 Ni. 5:13–15;
D&Z 3:19–20.

b NKM Rutendo.
48a Moro. 10:1–5;
D&Z 109:65–66.
55a NKM Kutya.
b Mat. 5:10.
c NKM Umambo
hwaMwari kana
Umambo

hweKudenga.
56a Mpa. 12:13–14.
b NKM Dhiabhorosi—
Chechi yadhiabhorosi.
c 4 Ni. 1:26.
57a VaR. 1:4.
58a D&Z 6:21.

“dzimwe ^bhwai dzisiri dzedanga rino — kuvadzidzi vangu, uye kune vazhinji vasina ^ckundinzwisisa.

60 Uye ndicharatidza kuvanhu ava kuti ndaive nedzimwe hwai, uye nokuti dzaive bazi ^aremba yaJakobo;

61 Uye ndichaburitsa pachena mabasa avo anoshamisa, ayo avakaita muzita rangu;

62 Hongu, uye ndichaunzawo pachena vhangeri rangu iro rakashumirwa kwavari, uye tarisai, havazoramba icho chawakatambira, asi vachachivaka, uye vachaunza pachena zvinhu zvechokwadi ^amutdzidziso yangu, hongu, uye iri iyo yega dzidziso iri mandiri.

63 Uye, izvi ndiri kuzviita kuti ndimise vhangeri rangu, kuti parege kuve negakava rakanyanya; hongu, ^aSatani anomutsiridza mwoyo yevanhu ^bmukukakavadzana maererano nezvinhu zvedzidziso yangu; uye muzvinhu izvi vanokanganisa, uye ^cvanoshandurudza magwaro matsvene uye havaanzwisise.

64 Nokudaro ndichavapete-nurira chishamiso chikuru ichi;

65 Nokuti tarisai, ^andichaku-vhumbamirai sekuvhumbamirira kunoita huku nhiyo dzayo pasi pemapapiro ayo, kana vasina kuomesa mwoyo yavo;

66 Hongu, kana vachiuuya, vangingouya, vagomwa ^amvura dzeupenyu vakasununguka.

67 Tarisai, iyi ndiyo dzidziso yangu — ani zvake anotendeuka uye ^aakauya kwandiri, mumwecheteyo ndiye ^bwechechi yangu.

68 Ani zvake ^aanowedzera kana kubvisa kune izvi, iyeyo haazi wangu, asi ^banorwisana neni; nokudaro haasi wechechi yangu.

69 Uye zvino tarisai, ani zvake wechechi yangu, uye achishingirira muchechi yangu kusvika kumagumo, iyeyo ndichamumisa ^apadombo rangu, uye ^bmisuwo yegehena haingamukurire.

70 Uye zvino, rangarira mazwi ake uyo anova ndiye upenyu ^anechiedza cheniyika, Mununuri wako, ^bIshe vako naMwari vako. Amenii.

CHIKAMU 11

Zvakazarurwa zvakapihwa nekuna Joseph Smith Muporofita kumukoma wake Hyrum Smith, paHarmony, Pennsylvania, Chivabvu 1829 (History

59a Joh. 10:16.

^b NKM Mufudzi Akanaka.

^c 3 Ni. 15:16–18.

60a NKM Munda wemizambiringa waIshe.

62a 3 Ni. 11:31–40.

63a NKM Dhiabhorosi.

^b NKM Gakava.

^c II Pet. 3:16.

65a Ruka 13:34;

3 Ni. 10:4–6;

D&Z 43:24.

66a NKM Mvura

yeUpenyu.

67a Mat. 11:28–30.

^b NKM Chechi yaJesu Kristu.

68a 3 Ni. 11:40.

^b Ruka 11:23.

69a NKM Ibwe.

^b Mat. 16:18;

2 Ni. 4:31–32;

D&Z 17:8; 128:10.

70a NKM Chiedza, Chiedza chaKristu.

^b NKM Jesu Kristu.

of the Church, 1:39-46). *Chakazarurwa ichi chakatambirwa kuburikidza neUrimi neTumimi semhinduro yekukumbira nekubvunza kwaJoseph.* History of the Church inoti *chakazarurwa ichi chakatambirwa mushure mekudzorerwazve kweHupirisita hwaAroni.*

1-6, *Vashandi vemumunda we-mizambiringa vachawana ruponeso; 7-14 Tsvagai huzivi, daidzirai kutendeuka, vimbai muMweya; 15-22, Chengetai mirairo, uye mudzidze shoko raIshe; 23-27, Musarambe mweya wezvokazarurwa newehuporofita; 28-30, Avo vanotambira Kristu vanove vanakomana vaMwari.*

BASA guru uye “rinoshami-sa rave kuda kuuya pakati pevana vevanhu.

2 Tarisai, ndini Mwari; “teereraⁱ kushoko rangu, iro rinokurumidza uye ‘rakasimba, “rino-pinza kupfuura munondo unocheka nekwose, mukupatsanura nepakati zvose nhengo nemwongo; naizvozvo teereraⁱ kumashoko angu.

3 Tarisai, munda “wachena wamirira kukohwewa; naizvozvo uyo anoda kukohwa, ngaaise jeko rake nesimba rake, uye akohwe zuva richiripo, kuti ^bagochengetera mweya wake ruponeso ‘rwusingaperi muumambo hwaMwari.

4 Hongu, ani zvake achaisa

“jeko rake uye agokohwa, iyeyo akadaidzwa naMwari.

5 Nokudaro, kana “mukakumbira kwandiri muchagashira; kana mukagogodza richazarurirwa kwamuri.

6 Zvino sezvo wakumbira, tarisai, ndinoti kwauri; chengeta mirairo yangu, uye mutsvake kuunza nokumisa chinangwa “cheZioni.

7 Usatsvake “upfumi asi ^bungwaru; uye tarisai, zvakan-dika zvaMwari zvichapetenurirwa kwamuri, uye ipapo ndipo pamuchaitwa vapfumi. Tarisai uyo ane upenyu hwokusingaperi akapfuma.

8 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, chero zvaunoda kwandiri izvozvo zvichave saizvozvo kwauri; uye, kana uchida, uchave nzira yekuita zvakanaka zvakananda muchi-zvarwa chino.

9 “Usataure chimwe chinhu kunze ^bkwekutendeuka kuchizvarwa chino. Chengeta mirairo yangu, uye uyamure kuunza basa rangu, ‘maererano nemirairo yangu, uye iwe ucharopafadzwa.

11 1a Isa. 29:14; D&Z 4.
NKM Kudzorerwa pakare kweVhangeri.
2a 1 Ni. 15:23-25;
D&Z 1:14; 84:43-45.
b VaH. 4:12.
c Aruma 4:19; 31:5.
d Hir. 3:29-30;
D&Z 6:2.

3a D&Z 12:3.
b Ruka 18:22; Hir. 5:8.
c I Tim. 6:19.
4a Zvaka. 14:15;
D&Z 14:3-4.
5a NKM Munamoto.
6a Isa. 52:7-8;
D&Z 66:11.
NKM Zioni.

7a I Madz. 3:11-13;
2 Ni. 26:31;
Jak. 2:17-19;
D&Z 38:39.
b NKM Ungwaru.
9a D&Z 19:21-22.
b NKM Rutendeuko.
c D&Z 105:5.

10 Tarisai, une “chipo, kana kuti uchawana chipo kana ukave unochida kwandiri murutendo, nemwoyo ^bwakatendeka, uchidaira musimba raJesu Kristu, kana musimba rangu iro rinotaura kwauri;

11 Nokuti, tarisai ndini ndirikutaura; tarisai, ndini “chiedza chinopenya murima, uye ^bnesimba rangu ndinopa mazwi aya kwauri.

12 Uye zvino, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, isa “ruvimbo rwako ^bmuMweya uyo unotungamirira mukuita zvakanaka—hongu, kuita zvakarurama, ^ckufamba ^dwakazvininipisa, ^ekutonga zvakarurama; uye uyu ndiwo Mweya wangu.

13 Zvirokwazvo, Zvirokwazvo, ndinoti kwauri, ndichapa kwauri Mweya wangu, uyo “uchajekesa ^bpfungwa dzako, izvo zvichazadza mweya wako ^cmufaro:

14 Uye ndipo pauchaziva, kana kuti nezvizvi uchaziva, zvose zvinhu zvipi zvazvo zvaunoda nezvangu, zviriri maererano nezvinhu ^azvekururama, murutendo uchidaira mandiri kuti uchagashira.

15 Tarisai, ndinokuraira kuti haufanire kufungidzira kuti

wakadaidzwa kuti uparidze kudakara “wadaidzwa.

16 Mira kwenguva yakareba zvishoma, kudakara wawana izwi rangu, “dombo rangu, chechi yangu, nevhangeri rangu, kuti uzive zvechokwadi dzidziso yangu.

17 Uye zvino tarisai, maererano nezvaunoda, hongu, kunyangwe maererano nerutendo rwako zvichaitwa kwauri.

18 Chengeta mirairo yangu; nyarara; kumbira kuMweya wangu;

19 Hongu, “namatira pandiri nemwoyo wako wose, kuti uyamure mukuunza kuchiedza zvinhu izvo zvakaturwa nezvazvo—hongu, kududzirwa kwebasa rangu; iva nemwoyo murefu kudakara wazvipedza.

20 Tarisai, iri ndiro basa rako, “kuchengeta mirairo yangu, hongu, nekugwinya kwako kwose, nepfungwa nesimba.

21 Usatsvake kuparidza izwi rangu, asi chekutanga tsvaka “kuwana izwi rangu, uye zvino rurimi rwako rwuchasunungurwa; zvino, kana uchida, uchave neMweya wangu nezwi rangu, hongu, simba raMwari mukupwisa vanhu.

22 Asi iye zvino nyarara; dzidza izwi “rangu iro raenda

10a D&Z 46:8–12.

b Ruka 8:15.

11a NKM Chiedza, Chiedza chaKristu.

b NKM Simba.

12a D&Z 84:116.

NKM Vimba.

b VaR. 8:1–9;

I Joh. 4:1–6.

c NKM Famba, Famba

naMwari.

d NKM Akazvininipisa.

e Mat. 7:1–5;

Aruma 41:14–15.

13a D&Z 76:12.

b NKM Pfungwa.

c NKM Rufaro.

14a NKM Akarurama.

15a Mis. yeCh. 1:5.

NKM Mvumo;

Akadaidzwa

naMwari.

16a D&Z 6:34.

NKM Ibwe.

19a Jak. 6:5; D&Z 98:11.

20a NKM Anoteerera.

21a Aruma 17:2–3;

D&Z 84:85.

22a NEMAMWE MAZWI

Bhaibheri.

mukati mevana vevanhu, uye zvakare ^bdzidza izwi rangu iro richauya mukati mevana vevanhu, kana iro ririkududzirwa iye zvino, hongu, kudakara wawana zvose ^azvandichapa kuvana vevanhu muchizvarwa chino, uye ndipo pachapamhidzirwa zvinhu zvose.

23 Tarisai, ndiwe ^aHyrum, mwanakomana wangu; ^btsvaka umambo hwaMwari, uye zvose zvinhu zvichapamhidzirwa maererano nechecho chakanaka.

24 ^aVaka pamusoro pedombo rangu, rinove ndiro ^bvhangeri rangu;

25 Usarambe mweya ^awezvakazarurwa, kana mweya ^bwehuporofita, nokuti nhamo kwaari uyo anoramba zvinhu izvi;

26 Nokudaro, ^arongedzera mu-mwoyo mako kudakara nguva iri muungwaru hwangu yekuti uzoenda.

27 Tarisai, ndinotaura kune vose vanoda zvakana, uye avo ^avakaisa majeko avo kuti vakohwe.

28 Tarisai, ndini ^aJesu Kristu, Mwanakonama waMwari. Ndinipenyu ^bnechiedza chenyika.

29 Ndini mumwecheteyo akauya kune vekwangu uye vekwangu vakasanditambira;

30 Asi zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, vazhinji vachanditambira, kwavari ndichavapa ^asimba kuti vave ^bvanakomana vaMwari, kunyangwe kune avo vanotenda muzita rangu. Amen.

CHIKAMU 12

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburukidza nekuna Joseph Smith Muporofita kuna Joseph Knight, Baba, paHarmony Pennsylvania, muna Chivabvu, 1829 (History of the Church, 1:47–48). Joseph Knight akadaira kuzvirevo zwaJoseph Smith maererano nokuve kwake nemahwendefa eBhuku raMormoni uye nebasa rekududzira raitwa panguva iyoyo uye panguva zhinji akanga apa rubatsiro rwezvinhu kuna Joseph Smith nemunyorori wake, izvo zvaita kuti vagone kuramba vachidudzira. Nokukumbira kwaJoseph Knight, Muporofita akabvunza kuna Ishe uye akagashira zvakazarurwa izvi.

1–6 Vashandi vari mumunda wemizambiringa vachawana ruponeso; 7–9, Vose avo vanoda uye vari

vakakodzera vangayamure mubasa raIshe.

22b NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

c NEMAMWE MAZWI Bhuku raMormoni.

d Aruma 29:8.

23a Nh—JS 1:4.

b Mat. 6:33.

24a Mat. 7:24–27.

b NKM Vhangeri.

25a NKM Zvakazarurwa.

b Zvaka. 19:10.

NKM Huporofita.

26a Deut. 11:18;

D&Z 6:20; 43:34;

JS—Mat. 1:37.

27a NKM Basa

reKushumira.

28a NKM Jesu Kristu.

b NKM Chiedza, Chiedza chaKristu.

30a Joh. 1:12.

b NKM Vanakomana neVanasikana vaMwari.

BASA guru uye rinoshami-
sa rave kuda kuuya pakati
pevana vevanhu.

2 Tarisai, ndini Mwari; teerera
kuzwi rangu, iro benyu uye rine
simba, rinopinza kupfuura
munondo unocheka nekwose,
nokupatsanura nepakati zvose
nhengo nemwongo; nokudaro,
teerera kuzwi rangu.

3 Tarisai munda wachena wa-
mirira kukohwewa; nokudaro,
ani zvake anoda kukohwa regai
apinze jeko rake nesimba rake,
uye akohwe zuva richiripo, kuti
agochengetera mweya wake
ruponeso rwusingaperi muu-
mambo hwa Mwari.

4 Hongu, ani zvake achapinza
jeko rake uye agokohwa, iyeyo
akadaidzwa naMwari.

5 Nokudaro, kana ukakumbi-
ra uchagashira; kana ukagogo-
dza richazarurirwa iwe.

6 Zvino, sekukumbira kwa-
waita, tarisai, ndinoti kwauri,
chengeta mirairo yangu, uye
utsvake kuunza uye nokumisa
chinangwa cheZioni.

7 Tarisai, ndinoti kwauri, uye
nekune vosewo avo vane zvi-
do zvekuunza uye nokumisa
basa iri;

8 Uye hakuna mumwe anga-
batsire mubasa iri kunze kwe-
kunge ^aakazvinipisa uye
azere ^bnerudo, aine ^crutendo,
^dtariro ^enerudo rwakadzama,
uye ari anozvidzora muzvinhu
zvose, zvipi nezvipi zvazvo
zvichaiswa mumaoko ake.

9 Tarisai, ndini chiedza neupe-
nyu hwenyika, ndiri kutaura
mazwi aya, nokudaro teerera
nesimba rako, uye ipapo wada-
idzwa. Amenii.

CHIKAMU 13

Kugadzwa kwaJoseph Smith naOliver Cowdery kuHupirisita hwaAroni mumahombekombe eRwizi rweSusquehanna, pedyo neHarmony, Pennsylvania, musi wa15 Chivabvu, 1829 (History of the Church, 1:39–42). Kugadzwa uku kwakaitwa nemaoko engirozi yakazvisuma saJohane, mumwecheteyo anonzi Johane Mubapatidzi muTestamente Itsva. Ngirozi yakatsanangura kuti yakanga ichiita izvi iri pasi pekuraira kwaPetro, Jakobo naJohane, Vaapositori vepasichigare, vakanga vaine kiyi dzehupirisita hwepamusoro, hwaidaidzwa kuti hupirisita hwaMerkizedeki. Chivimbiso chakapihwa kuna Joseph naOliver kuti nekufamba kwenguva Hupirisita hwaMerkizedeki huchaiswa pavari. (Tarisa chikamu 27:7, 8, 12.)

*Kiyi nemasimba eHupirisita hwa-
Aroni anopihwa.*

PANEMI vamwe vangu
varanda, muzita raMesiya

12 1a Ona D&Z 11:1–6
zvekudzidza
zvakafanana.

8a NKM Akazvinipisa.
b NKM Rudo.
c NKM Rutendo.

d NKM Tariro.
e NKM Rudo
Rwakadzama.

^andinogadza ^bHupirisita hwa-Aroni, uhwo hunobata kiya dzekushumira ^ckwengirozi, uye nedzvehangeri ^drekutendeuka, uye ^enedzekubhabhatidzwa uchinyikwa kubvisa zvitadzo;

uye izvi hazvizotorwa zvakare kubva panyika, kudakara vanakomana ^fvaRevi vapira zvakare mupiro kuna Ishe ^gmukururama.

CHIKAMU 14

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza nekuna Joseph Smith Muporofita kuna David Whitmer, paFayette, New York, Chikumi 1829 (History of the Church, 1:48-50). Mhuri yekwaWhitmer yakange yavanechido chikuru mukududzirwa kweBhuku raMormoni. Muporofita akadzika hugari hwake pamusha paPeter Whitmer, Baba, apo paakagara kudakara basa rekududzira rapera uye kudakara mvumo yekushambadza bhuku raiuya iri yawanikwa. Vatatu vevanakomana vekwaWhitmer, mumwe nemumwe wavo agashira uchapupu hwechokwadi chebasa racho, vakava neshungu kwazvo pamusoro pebasa reumwe neumwe wavo. Chakazarurwa chino uye nezviviri zvoinevera (zvikamu 15 ne16) zvakapihwa semhinduro kukubvunza uku kuburikidza neUrimi neTumimi. David Whitmer pashure, akazove mumwe weVapupuri Vatatu kuBhuku raMormoni.

1-6, Vashandi mumunda wemizambiringa vachawana ruponeso; 7-8, Upenyu hwokusingaperi ndichochochipo chikuru-kuru chaMwari; 9-11, Kristu akasika matenga nenyika.

BASA guru uye ^arinoshamisira ravakuda kuuya kuvana vevanhu.

2 Tarisai, ndini Mwari; teerera kushoko rangu, iro rinokurumidza uye rakasimba, rinopinza kupfuura munondo unocheka nekwose, mukupatsanura nepakati zvose nhengo nemwongo;

naizvozvo teerera kumashoko angu.

3 Tarisai, munda wachena wamirira kukohwewa; naizvozvo uyo anoda kukohwa, ngaa-ise jeko rake nesimba rake, uye akohwe zuva richiripo, kuti agochengetera mweya wake ruponeso rwusingaperi muumambo hwaMwari.

4 Hongu, ani zvake achaisa jeko rake uye achikohwa, iyeyo akadaidzwa naMwari.

5 Nokudaro, kana ukandikumbira uchagashira; kana ukagogodza richazarurirwa kwauri.

13 1a Nh—JS 1:68-75.

NKM Gadza.

b D&Z 27:8; 84:18-34.

NKM Hupirisita hwaAroni.

c NKM Ngirozi.

d NKM Rutendeuko.

e NKM Bhabhatidza.

f Ona rondedzero yaOliver Cowdery pakudzorerwazve kweHupirisita hwaAroni panoperera Nhorondo—yaJoseph Smith. Deut. 10:8;

I Mak. 6:48;

D&Z 128:24.

g NKM Akarurama.

14 1a Ona D&Z 11:1-6 zvekudzidza zvakafanana.

6 Tsvaka kuunza uye nokumisa Zioni yangu. Chengeta mirairo yangu muzvinhu zvose.

7 Uye, kana ^aukachengeta mirairo yangu uye ^bnekushingirira kusvika kumagumo uchawana upenyu ^chwokusingaperi, chiri icho chipo chikuru kupfuura zvose zvipo zvaMwari.

8 Uye zvichaitika kuti kana ukakumbira Baba muzita rangu, murutendo uchitenda uchagashira Mweya ^aMutsvene, uye unopa kuti utaure, kuti ugomira ^bsemupupuri wezvinhu zvauchaona zvose ^cnekunzwa, uye nokutiwo ungataure kutendeka kuchizvarwa chino.

9 Tarisai, ndini ^aJesu Kristu, ^bMwanakomana waMwari ^cmu-penyu, ^dakasika matenga ^enenyika, ^fchiedza chisingavanzike ^gmurima;

10 Nokudaro, ndinofanira kuunza ^akuzara kwevhangeri rangu kubva ^bkumaJentairi kuenda kuimba yaIsraeri.

11 Uye tarisai, ndiwe David, uye unodaidzwa kuti uzoyamura; chinhu chekuti ukachiita, uye uine rutendo, ucharopafadzwa zvose mumweya nemunyama, uye nemubairo wako uchave mukuru. Amenii.

CHIKAMU 15

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna John Whitmer, paFayette, New York, muna Chikumi 1829 (History of the Church, 1:50). (Ona musoro wenyaya kuchikamu 14.) Mashoko aya akanangana nemunhu mumwechete nokuti Ishe vanotaura zvakange zvichizivikanwa kuna John Whitmer chete uye naivo. John Whitmer akazove mumwe weVapupuri Vasere kuBhuku raMormoni.

1–2, Ruoko rwaIshe rwuri pamusoro penyika yose; 3–6, Kuparidza vhangeri nekuponesa mweya ndicho chinhu chakanyanya kukosha.

TEEERERA, muranda wangu John, uye uteerere kumazwi

aJesu Kristu, Ishe vako neMununuri wako.

2 Nokuti tarisai, ndinotaura kwauri nehukari uye ^anesimba, nokuti ruoko rwangu rwuri pamusoro penyika yose.

3 Uye ndichakutaurira icho

7a Zvaka. 26:3–12; Joh. 15:10; Mosaya 2:22, 41; D&Z 58:2.
b NKM Tsungirira.
c 2 Ni. 31:20; D&Z 6:13.
NKM Upenyu Hwokusingaperi.
8a NKM Mweya Mutsvene.
b Mosaya 18:8–10.
NKM Mupupuri.

c Ona Uchapupu hweVapupuri Vatatu mumapeji emavambo eBhuku raMormoni.
9a Mosaya 4:2; D&Z 76:20–24.
b VaR. 1:4.
c Dan. 6:26; Aruma 7:6; D&Z 20:19.
d Joh. 1:1–3, 14; 3 Ni. 9:15; D&Z 45:1.

NKM Sika.
e Abr. 4:12, 24–25.
f II Sam. 22:29.
NKM Chiedza, Chiedza chaKristu.
g NKM Rima, zveMweya.
10a D&Z 20:8–9; Nh—JS 1:34.
b NKM Majentairi.
15 2a Hir. 3:29–30.
NKM Simba.

chisina mumwe munhu anoziva kunze kwangu newe wega—

4 Nekuti kwenguva zhinji wakada kuziva kwandiri icho chingazove chakakoshesesa kwauri.

5 Tarisai, wakaropafadzwa iwe pamusoro pechinhu ichi, uye nokutaura mazwi angu ayo

andakupa maererano nemirairo yangu.

6 Uye zvino tarisai, ndinoti kwauri, chinhu chichazove chakakoshesesa kwauri chichave “kutaura kutendeuka kuvanhu ava, kuti ugounza mweya kwandiri, kuti ^bugozorora navo ^cmuumambo ^dhwaBaba vangu. Amen.

CHIKAMU 16

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Peter Whitmer, Mwana, paFayette, New York, muna Chikumi 1829 (History of the Church, 1:51). (Ona musoro wenyaya kuchikamu 14.) Peter Whitmer, Mwana, akazove mumwe weVapupuri Vasere kuBhuku raMormoni.

1–2, Ruoko rwaIshe rwuri pamusoro penyika yose; 3–6, Kuparidza vhangeri nekuponesa mweya ndichochinhu chakanyanya kukosha.

TEEERERA, muranda wangu Peter, uye uteerere kumazwi aJesu Kristu, Ishe vako neMununuri wako.

2 Nokuti tarisai, ndinotaura kwauri zvakajeka uye nesimba, nokuti ruoko rwangu rwuri pamusoro penyika yose.

3 Uye ndichakutaurira icho chisina mumwe munhu anoziva kunze kwangu newe wega—

4 Nekuti kwenguva zhinji wakada kuziva kwandiri icho chingazove chakakoshesesa kwauri.

5 Tarisai, wakaropafadzwa iwe pamusoro pechinhu ichi, uye nokutaura mazwi angu ayo andakupa maererano nemirairo yangu.

6 Uye zvino tarisai, ndinoti kwauri, chinhu chichave chakakoshesesa kwauri kutaura kutendeuka kuvanhu ava, kuti ugounza mweya kwandiri, kuti ugozorora navo muumambo hwaBaba vangu. Amen.

CHIKAMU 17

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Oliver Cowdery, David Whitmer, naMartin Harris, paFayette, New York, muna Chikumi 1829, vasati vatarisa mahwendefa akanyorwa

6a D&Z 18:15–16.
NKM Basa
reKushumira.
b NKM Zororo.

c NKM Umambo
hwaMwari kana
Umambo
hweKudenga.

d NKM Baba veKudenga.
16 1a Ona D&Z 15:1–6
zvekudzidza
zvakanana.

aive nezvinyorwa zveBhuku raMormoni (History of the Church, 1:52-57). Joseph nemunyori wake, Oliver Cowdery, vakanga vadzidza kubva mukududzira mahwendefa eBhuku raMormoni kuti vapupuri vatatu vanokosha vachasarudzwa (tarisa Eta 5:2-4; 2 Nifai 11:3; 27:12). Oliver Cowdery, David Whitmer naMartin Harris vakatumwa nechido chekufemerwa kuti vave vapupuri vatatu vanokosha ivavo. Muporofita akabvunza kuna Ishe, uye chakazarurwa ichi chakapihwa semhinduro kuburikidza neUrimi neTumimi.

1-4, Nerutendo Vapupuri Vatatu vachaona mahwendefa nezvimwe zvinhu zvinoyera; 5-9, Kristu anopa uchapupu hwehutsvene hweBhuku raMormoni.

TARISAI, ndinoti kwamuri, munofanira kuvimba nezwi rangu, izvo zvekuti mukazviita nechido chizere chemwoyo, ^amucharatidzwa ^bmahwendefa, uye chidzitiro chepachipfuva, ^cmunondo waRabhani, ^dUrimi neTumimi, izvo zvakapihwa ^ekumukoma waJaredhi pagomo, apo paakataura naIshe ^fvakatarisana, uye nezvinongedzero ^gzvaishamisa zvakapihwa kuna Rihai ari murenje, pamiganhu yeGungwa ^hDzvuku.

2 Uye kuburikidza nerutendo rwenyu muchakwanisa kuzviona, kunyangwe nerutendo irworwo rwaive nevaporofta vekare.

3 Uye mushure mekunge mawana rutendo, uye maaona

nemaziso enyu, ^amuchapupura pamusoro pawo, nesimba raMwari;

4 Uye izvi muchazviita kuti muranda wangu Joseph Smith, Mwana, asaparadzwe, kuti ini ndigounza zvinangwa zvangu zvakarurama kuvana vevanhu mubasa rino.

5 Uye imi muchapupura kuti makaaona, semaonerwo aakaitwa nemuranda wangu Joseph Smith, Mwana, nokuti isimba rangu rakaita kuti aaone, uye pamusana pekuti aive nerutendo.

6 Uye akadudzira ^abhuku, kunyangwe icho ^bchidimu chandakamuraira, uye saIshe venyu uye naMwari venyu ari mupenyu, ichocho ichokwadi.

7 Nokudaro, makagashira simba rimwechetero, uye nerutendo rwumwecheterwo, uye nechipo chimwechetecho sechake.

8 Uye kana mukaita iyi mirairo yekupedzisira yangu, iyo ya-

17 1a 2 Ni. 27:12;
 Eta 5:2-4; D&Z 5:15.
 2 Ni. 27:12;
 Eteri 5:2-4;
 D&Z 5:15.
 Onawo Uchapupu
 hweVapupuri Vatatu
 huri mumapeji
 emavambo eBhuku
 raMormoni.

b Morm. 6:6;
 Nh—JS 1:52.
 NKM Mahwendefa.
 c 1 Ni. 4:8-9;
 2 Ni. 5:14; Jak. 1:10;
 Mosaya 1:16.
 d NKM Urimi neTumimi.
 e Eta 3:1-28.
 f Gen. 32:30;
 Eks. 33:11;

Mos. 1:2.
 g 1 Ni. 16:10, 16, 26-29;
 Aruma 37:38-47.
 h 1 Ni. 2:5.
 3a NKM Pupura;
 Mupupuri.
 6a NKM Bhuku
 raMormoni.
 b 2 Ni. 27:22;
 3 Ni. 26:7-10.

ndakakupai, “masuwo egehena haazove nesimba pamuri; noku-ti ^bnyasha dzangu dzakakwana kwamuri, uye imi ‘muchasimu-dzwa muzuva rekupedzisira.

9 Uye ini Jesu Kristu, “Ishe venyu naMwari venyu, ndazvita-ura kwamuri, kuti ndingounza zvinangwa zvangu zvakarurama kuvana vevanhu. Amen.

CHIKAMU 18

Zvakazarurwa kuna Joseph Smith Muporofita, Oliver Cowdery, na-David Whitmer, zvakapihwa paFayette, New York, Chikumi 1829 (History of the Church, 1:60–64). Apo pakaunzwa Hupirisita hwa-Aroni, kupihwa kweHupirisita hwaMerkezideki hwakavimbiswa (ona musoro wenyaya kuchikamu 13). Semhinduro yekukumbirwa kweruzivo munyaya iyi, Ishe vakapa chakazarurwa chino.

1–5, *Magwaro matsvene anoratidza kuti chechi inovakwa sei*; 6–8, *Nyika irikuibva muhuipi*; 9–16, *Kukosha kwemweya kukuru*; 17–25, *Kuwana ruponeso, vanhu vanofanira kuzvitorera pachavo zita raKristu*; 26–36, *Kudaidzwa uye nebasa revaneGumi neVaviri kunoratidzwa*; 37–39, *Oliver Cowdery naDavid Whitmer vanofanira kutsvaka vaneGumi neVaviri*; 40–47, *Kuti vawane ruponeso, vanhu vakafanira kutendeuka, vobhabhatidzwa uye vochengeta mirairo.*

ZVINO tarisai, pamusana pechingu icho iwe muranda wangu Oliver Cowdery, chawakada kuziva kwandiri, ndinokupa mazwi aya:

2 Tarisai, ndakaratidza kwauri, neMweya wangu nguva dzakawanda, kuti zvinhu zvakawakanyora “ndezvechokwadi;

nokudaro iwe unoziva kuti ndezvechokwadi.

3 Uye kana uchiziva kuti ndezvechokwadi, tarisai, ndinopa kwauri murairo, kuti uvimbe nezvinhu “zvakanorwa;

4 Nokuti mazviri ndimokanyorwa zvose zvinhu maererano nekutanga kwechechi yangu, “vhangeri rangu, uye ^bnedombo rangu.

5 Nokudaro kana mukavaka chechi yangu, pahwaro hwevhangeri rangu nedombo rangu; masuwo egehena haangakukundei.

6 Tarisai, “nyika yave kuibva muhuipi; uye zvinofanira kuti vana vevanhu vamutswe kuti vatendeuke, vose ^bmajentairi uye neimbawo yaIsraeri.

7 Nokudaro, sezvo “makabhabhatidzwa nemaoko emuranda wangu Joseph Smith, Mwana,

8a Mat. 16:18; 3 Ni. 11:39;
D&Z 10:69.

b NKM Nyasha.

c 1 Ni. 13:37;

3 Ni. 27:14–15, 22;

D&Z 9:14.

9a NKM Ishe.

18 2a D&Z 6:15–17.

3a D&Z 98:11.

NKM Magwaro

matsvene—Kukosha

kwemagwaro

matsvene.

4a NKM Vhangeri.

b NKM lbwe.

6a NKM Nyika.

b NKM Majentairi.

7a Nh—JS 1:70–71.

maererano naichocho chanda-kamuraira, azadzikisa chinhu chandakamuraira.

8 Uye zvino, musashamiswe kuti ndamudaidza kuchinangwa changu, icho chinozivikanwa neni; nokudaro kana ^aakashingaira ^bmukuchengeta mirairo yangu ^cacharopafadzwa kuve neupenyu hwokusingaperi; uye zita rake ^andiJoseph.

9 Uye zvino, Oliver Cowdery, ndinotura kwauri, uyewo neku-na David Whitmer, nenzira yemurairo; nokuti, tarisai, ndinoraira vose vanhu kwose kwose kuti vatendeuke, uye ndinotaura kwamuri, kunyangwe sekuna Pauro ^amuapostori wangu, nokuti makadaidzwa kunyangwe naiko kudaidzwa kumwechete ko kwaakadaidzwa nako.

10 Rangarirai kuti ^akukosha ^bkwemweya kukuru mumaziso aMwari.

11 Nokuti tarisai, Ishe ^aMununuri venyu vakatambudzika ^bmurufu rwenyama; nokudaro ^cvakatambudzika ^dnokurwadzirwa vanhu vose kuti vanhu vose vatendeuke uye vagouya kwavari.

12 Uye ^avakamuka zvakare kubva kuvakafa, kuti vagou-

dza vanhu vose kwavari, kana vachinge ^bvatendeuka.

13 Uye ^arufaro rwavo rukuru zvikuru nemweya uyo unote-deuka!

14 Nokudaro, munodaidzwa kuti ^amudaidzire kutendeuka kuvanhu ava.

15 Uye kana zvichiita kuti munofanira kushanda mazuva enyu ose mukudaidzira kute-ndeuka kuvanhu ava uye mukaunza, kana ^amweya mu-mwechete kwandiri, kufara kwako kuchave kukuru sei nai-ye muumambo hwaBaba vangu!

16 Uye zvino, kana kufara kwenyu kukave kukuru nemweya mumwechete uyo wa-waunza kwandiri ^amuumambo hwaBaba vangu, ^bkufara kwe-nyu kungave kukuru zvakadii kana ^cmukaunza mweya yakawa-wanda kwandiri!

17 Tarisai, mune vhangeri rangu pamberi penyu, uye nedombo rangu, ^aneruponeso rwangu.

18 ^aKumbirai Baba ^bmuzita rangu, murutendo muchitenda kuti muchagashira, uye uchave neMweya Mutsvene, uyo unoratidza zvose zvinhu ^czvaka-fanira kuvana vevanhu.

8a NKM Hushingi.
 b NKM Anoteerera.
 c NKM Kuropafadzwa.
 d 2 Ni. 3:14-15.
 NKM Smith, Joseph,
 Mwana
 9a VaR. 1:1.
 10a NKM Mweya (Mweya
 neMuviri)—Kukosha
 kwemweya.
 b NKM Mweya (Mweya
 neMuviri).
 11a NKM Mununuri.

b NKM Kuroverwa.
 c NKM Akanunura.
 d Isa. 53:4-5.
 NKM Dzikinura.
 12a NKM Kumuka
 Kuvakafa.
 b D&Z 19:4-18.
 NKM Rutendeuko.
 13a Ruka 15:7.
 14a Aruma 29:1-2;
 D&Z 34:5-6; 63:57.
 15a NKM Mweya (Mweya
 neMuviri)—Kukosha

kwemweya.
 16a NKM Umambo
 hwaMwari kana
 Umambo
 hweKudenga.
 b Aruma 26:11.
 NKM Rufaro.
 c NKM Basa
 reKushumira.
 17a NKM Ruponeso.
 18a NKM Munamoto.
 b Joh. 15:16.
 c D&Z 88:63-65.

19 Uye kana musina “rutendo, ^btariro ‘nerudo rwakadzama, hapana chaungaite.

20 “Usakakavadzane nechechi ipi zvayo, kunze kwekunge iri ^bchechi yadhiabhorosi.

21 Torai pamuri “zita raKristu, uye ^bmutaure chokwadi ‘mui-ne mutsigo.

22 Uye vakawanda sei vanote-ndeuka uye “vachibhabhatidzwa muzita rangu, iro rinova Jesu Kristu, uye ^bvagoshingirira kusvika kumagumo, ivavo vachaponeswa.

23 Tarisai, Jesu Kristu ndiro “zita rakapihwa naBaba, uye hakuna rimwezve zita rakapihwa iro ringaponesese munhu;

24 Nokudaro, vose vanhu vanofanira kutora zita rakapihwa naBaba, nokuti muzita iroro vachadaidzwa pazuva rekupe- dzisira;

25 Nokudaro, kana vasingazi-ve “zita ravanodaidzwa naro, havangawane nzvimbo ^bmuu- mambo hwaBaba vangu.

26 Uye zvino tarisai, kune vamwe vakadaidzwa kuti va- taure vhangeri rangu, kwose “kumaJentairi nekumaJuda;

27 Hongu, kunyangwe, “gumi nevaviri; uye vaneGumi neVa-

viri vachave vadzidzi vangu, uye vachatora pavari zita rangu; uye vaneGumi neVaviri ndivo vachada kutora pavari ^bzita rangu nechido nemwoyo wose.

28 Uye kana vachida kutora pavari zita rangu nechido che- mwoyo wose, vanodaidzwa kuti vaende “pasi rose kunopa- ridza ^bvhangeri rangu kune chisikwa ‘chose.

29 Uye ndivo ivavo vakaga- dzwa neni kuti “vabhabhatidze muzita rangu, maererano nei- zvo zvakanyorwa;

30 Uye munacho icho chinyo- rwa pamberi penyuru, nokudaro makafanira kuzviita maerera- no nemazwi akanyorwa.

31 Uye zvino ndinotaura kwa- muri, imi “vaneGumi neVavi- ri—Tarisai, nyasha dzangu dza- kawanda kwamuri; makafanira kufamba makatwasanuka pa- mberu pangu uye musatadze.

32 Uye tarisai, ndimi avo va- kagadzwa neni kuti “mugadze vapirisita nevadzidzisi; kuti mutaure vhangeri rangu, ^bmae- rerano nesimba reMweya Mutsvene iro riri mamuri, uye maererano ‘nekudaidzwa ne- zvipo zvaMwari kuvanhu;

33 Uye ini Jesu Kristu, Ishe

19a NKM Rutendo.

^b NKM Tariro.

^c NKM Rudo

Rwakadzama.

20a II Tim. 2:23–24;

3 Ni. 11:29–30.

^b NKM Dhiabhorosi—
Chechi radhiabhorosi.

21a 2 Ni. 31:13;

Mosaya 5:8;

3 Ni. 27:5; D&Z 20:37.

^b D&Z 100:5–8.

^c VaR. 12:3.

22a NKM Bhabhatidza.

^b NKM Tsungirira.

23a Mara. 1:11;

Mabasa 4:12;

Mosaya 3:17;

Hir. 3:28–29.

25a Mosaya 5:9–14.

^b NKM Kubwinya

kweSeresitiyaro.

26a D&Z 90:8–9; 112:4.

27a NKM Muapositori.

^b D&Z 27:12.

28a Marko 16:15–16.

^b NKM Vhangeri.

^c D&Z 1:2; 42:58.

29a 3 Ni. 11:21–28;

D&Z 20:72–74.

31a D&Z 107:23–35.

32a Moro. 3:1–4;

D&Z 20:60; 107:58.

NKM Gadza.

^b II Pet. 1:21;

D&Z 68:3–4.

^c D&Z 20:27.

venyu naMwari venyu, ndini ndazvitauro.

34 "Mazwi aya haasi evanhu kana emunhu, asi ndeangu; nokudaro, muchapupura kuti ndeangu kwete emunhu;

35 Nokuti "izwi rangu ririkua-taura kwamuri; nokuti ari kupihwa neMweya wangu kwamuri, uye nesimba rangu munogona kuaverengerana; uye dai pasina simba rangu hamaiawana;

36 Nokudaro, munogona "kupupura kuti manzwa izwi rangu, uye munoziva mazwi angu.

37 Uye zvino, tarisai, ndinopa kwauri, iwe Oliver Cowdery, nekuna David Whitmer zvakare, kuti muchatsvaga vaneGumi neVaviri, avo vachave nezvido sezvandataura;

38 Pamusoro pezvido zvavo "nemabasa avo muchavaziva.

39 Uye kana mavawana mucharatidza zvinhu izvi kwavari.

40 Muchawira pasi uye "monamata Baba muzita rangu.

41 Uye makafanira kuparidzira nyika, muchiti: Makafanira

kutendeuka uye mobhabhati-dzwa, muzita raJesu Kristu;

42 Nokuti vose vanhu vanofanira kutendeuka vobhabhatidzwa, kwete varume chete, asi vakadzi nevana avo vasvika pazera "rekuzvidavirira.

43 Zvino, mushure mekunge matambira izvi, munofanira kuchengeta "mirairo yangu muzvinhu zvose;

44 Nemaoko enyu ndichashanda basa "rinoshamisa mukati mevana vevanhu, ^bmukupwisa vazhinji nezvezvitadzo zvavo zvakawanda, kuti vangangouya mukutendeuka, uye nokuti vangangouya muumambo hwaBaba vangu.

45 Nokudaro, maropafadzo andinopa kwamuri ari "pamusoro pezvinhu zvose.

46 Uye mushure mekunge magashira izvi, kana "mukachengeta mirairo yangu hamungaponeswe muumambo hwaBaba vangu.

47 Tarisai, ini Jesu Kristu, Ishe venyu naMwari venyu, neMununuri wenyu, nesimba reMweya wangu, ndazvitauro. Amen.

CHIKAMU 19

Zvakazarurwa zvakapihwa nekuburikidza naJoseph Smith, paManchester, New York, Kurume, 1830 (History of the Church, 1:72-74). Munhoroondo yake, Muporofita akazvisuma "semurairo waMwari kwete wemunhu, kuna Martin Harris, wakapihwa naiye Vokusingaperi," (History of the Church, 1:72).

34a NKM Magwaro matsvene.

35a D&Z 1:38.
NKM Izwi.

36a NKM Pupura.

38a NKM Mabasa.

40a NKM Kunamata.

42a D&Z 20:71;
29:47; 68:27.

NKM Kudavira.

43a NKM Mirairo yaMwari.

44a Isa. 29:14; D&Z 4:1.

^b Aruma 36:12-19; 62:45.

45a D&Z 84:35-38.

46a D&Z 82:3.

1-3, *Kristu ane simba rose*; 4-5, *Vose vanhu vanofanira kutendeuka kana kutambudzika*; 6-12, *Kuranga kwokusingaperi kuranga kwaMwari*; 13-20, *Kristu akatambudzikira vose, kuti vasazotambudzika kana vari vatendeuka*; 21-28, *Paridzai vhangeri rekutendeuka*; 29-41, *Taurai nhau dzinofadza*.

NDINI ^aArfa naOmega, ^bKristu Ishhe; hongu, kunyangwe ini ndini iye, wekutanga nowekupedzisira, Mununuri wenyika.

2 Ini ndaita uye ^andapedza kuda kweuyo wandiri wake, kunyangwe Baba, maererano neni — ndazviita izvi kuti ^bndise pasi pangu zvinhu zvose —

3 Kutu ndive ^anesimba rose, kunyange ^bmukuparadzwa kwaSatani nemabasa ake ^cpakuguma kwenyika, uye nezva guru rekupedzisira rekutongwa, kwandichaita kuvagari vemo, ^dndichatonga wose munhu maererano ^enemabasa ake nezviito zvaakaita.

4 Chokwadi munhu wose anofanira ^akutendeuka kana kuti ^bachatambudzika, nokuti ini Mwari, ^chandina magumo.

5 Nokudaro, ^ahandizobvisa

kutonga kwandinenge ndaita, asi matambudziko achapararira mberi, kuchema, ^bkuwungudza nekugeda-geda kwemeno, hongu, kune avo vanowanikwa vari kuruoko rwangu ^crweruboshwe.

6 Zvisinei, ^ahazvina kunyorwa kuti kutambudzika uku hakuzopera asi zvakanyorwa kuti, *kutambudzika* ^b*kusingaperi*.

7 Zvakare, zvakanyorwa kuti *kuraswa* ^a*kwokusingaperi*; nokudaro zvakanyatsojeka kupfuuramamwe magwaro matsvene, kuti zvingangoshanda mumwoyo yevana vevanhu, zvose pamwechete kuitira kurumbidzwa kwezita rangu.

8 Nokudaro, ndichatsanangura kwauri chakavandika ichi, nokuti zvakafanira kwauri kuti uzive kunyangwe sevaapositori vangu.

9 Ndinotaura kwamuri makasarudzwa muchinhu ichi, kunyangwe sevamwechete, kuti mugopinda ^amuzororo rangu.

10 Nokuti tarisai, ^akuvandika kwehumwari, kukuru sei! Nokuti, tarisa, handina magumo, uye kuranga kunopihwa kubva muruoko rwangu kuranga kusina magumo, nokuti ^bChisina

19 1a Zvaka. 1:8, 11;

3 Ni. 9:18;

D&Z 35:1; 61:1.

NKM Arfa naOmega.

^b NKM Jesu Kristu.

2a Joh. 17:4; 3 Ni. 11:11.

^b VaF. 3:21.

3a NKM Simba.

^b Isa. 14:12-17;

1 Joh. 3:8; 1 Ni. 22:26;

D&Z 88:111-115.

^c NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

^d NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

^e NKM Mabasa.

4a NKM Rutendeuko.

^b Ruka 13:3;

Hir. 14:19.

^c Mos. 1:3.

5a D&Z 56:4; 58:32.

^b Mat. 13:42.

^c Mat. 25:41-43.

6a D&Z 76:105-106;
138:59.

^b D&Z 76:33, 44-45.

7a Hir. 12:25-26;

D&Z 29:44.

9a NKM Zororo.

10a Jak. 4:8;

D&Z 76:114-116.

^b Mos. 1:3; 7:35.

NKM Asingagumi.

magumo ndiro zita rangu. Nokudaro—

11 Kuranga “kwokusingaperi kuranga kwaMwari.

12 Kuranga kusinamagumo kuranga kwaMwari.

13 Nokudaro, ndinokuraira kuti utendeuke, uye uchengete “mirairo iyo yawakagashidzwa neruoko rwemuranda wangu Joseph Smith, Mwana, muzita rangu.

14 Uye kuburikidza nesimba rangu guru kuti iwe wazviga-shira;

15 Nokudaro ndinokuraira kuti utendeuke—tendeuka, nokuti ndingakurove netsvimbo yemuromo wangu, uye nehasha dzangu, uye nokushatirwa kwangu, uye “kutambudzika kwako kugorwadza—kuti zvinenge zvichirwadza sei hauzive, kuti zvakakura sei hauzive, hongu, kuti zvakaoma sei kuvzitakura hauzive.

16 Nokuti tarisai, Ini Mwari, “ndakatambudzikira vose zvinhu izvi, kuti ^bvasatambudzike kana ^cvakatendeuka;

17 Asi kana vakasatendeuka vakafanira “kutambudzika kunyangwe sezvandakaita ini;

18 Kuri kutambudzika wakandikonzera ini, kana Mwari, mukuru kune vose, kuti ndidedere pamusana pekurwadziwa,

uye nokubuda ropa muburi rose remuviri uye nokutambudzika mumuviri nemumweya—uye ndikanzwa kuti dai zvaiita kuti “ndisanwe mukombe unovava, uye ndidududze—

19 Zvisinei, kubwinya ngakuve kuna Baba, uye ndakanwa “ndikapedzisa kugadzirira kwangu kuvana vevanhu.

20 Nokudaro ndinokuraira zvakare kuti utendeuke, potse ndingangokunipisa nesimba rangu guru, uye kuti “ureurure zvitadzo zvako, potse uchatambura nekurangwa uku kwandakataura, iko kudikidiki chaizvo, hongu, kunyangwe muchidumbu chidiki wakachiraira mukachidimbu makachiraira panguva yandakabvisa Mweya wangu.

21 Uye ndinokuraira kuti hau-na “chaunoparidza kunze kwekutendeuka, uye ^busaratidze zvinhu izvi kunyika kudakara ndazvibvumira.

22 Nokuti “havangakwanise nyama iyezvino, asi ^bmukaka vanofanira kugashira; nokudaro, havafanire kuziva zvinhu izvi, nokuti vangafe.

23 Dzidza kubva kwandiri, uye woteerera kumazwi angu; “famba uri ^bmuhunoro hweMweya wangu, uye uchawana ^crunyararo mandiri.

11a Mat. 25:46.

13a D&Z 5:2; 10:6–7; 17:1–9.

15a Aruma 36:11–19.

16a Aruma 11:40–41.

NKM Dzikinura.

^b NKM Anetsitsi.

^c NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

17a D&Z 29:17.

18a Ruka 22:42–44.

19a Joh. 17:4; 19:30.

20a Num. 5:6–7;

Mosaya 26:29;

D&Z 58:43; 64:7.

NKM Reurura,

Reururo.

21a D&Z 11:9.

^b Nh—JS 1:42.

22a D&Z 78:17–18.

^b VaH. 5:11–14;

D&Z 50:40.

23a Moro. 7:3–4.

^b NKM Akapfava.

^c NKM Runyararo.

24 Ndini “Jesu Kristu; ndakuya nekuda kwaBaba, uye ndinoita kuda kwavo.

25 Uye zvakare, ndinokuraira kuti “usachive ^bmukadzi wemuva kidzani wako; kana kutsvaga upenyu hwemuvakidzani wako.

26 Zvakare, ndinokuraira kuti usachive zvinhu zvako, asi zvi-pe wakasununguka kunodhindisa Bhuku raMormoni, iro rine “chokwadi nezwi raMwari.

27 Riri iro izwi rangu “kumujentairi, kuti nechinguvana richaenda ^bkumujuda, maRamani vari vevamwe vavo ‘vakasara, kuti vagotenda vhangeri uye vagorega kutsvaka ^aMesia achaya iye akatouya kare.

28 Zvakare ndinokuraira kuti “uchanamata ^buchidaidzira uye nokunamatawo nechemumwoyo mako, hongu, pamberi penyika, uye nemuruvande; paruzhinji uye nepako wega.

29 Uye “uchataura nhau dzinofadza, hongu, uchizvishambadza uri mumakomo, uye nepanzvimbo yose yakakwirira, uye nemuvanhu vose vauchabvumirwa kuona.

30 Uye izvi uchazviita neku-

zvityora kose, “uchivimba neni, usingatuke vatuki.

31 Pamusoro “pemitemo hapana chaunotaura, asi uchataura kutendeuka uye ^bnerutendo muna Muponesi, uye ‘nokuregererwa kwezvitadzo “noku-bhabhatidzwa, uye ‘nemoto, hongu, kunyangwe Mweya ^fMutsvene.

32 Tarisai, uyu ndiwo “murairo mukuru uye wekupedzisira uyo wandichakupa maererano nenyaya iyi; nokuti izvi zvichakwanirana nekufamba kwako kwemazuva ose, kunyangwe kusvika mukuguma kweupenyu hwako.

33 Uye kusuwa ndiko kwau-chagashira kana mukashora “mirairo iyi, hongu, kunyangwe kuparadzwa kwako pachako nekwezvinhu zvako.

34 “Gova chikamu chezvinhu zvako, hongu, kunyangwe chidimbu cheminda yako, uye zvose kunze kwezvekuriritira mhuri yako.

35 Ripa “chikwereti ^bchauinacho kumudhindi. Zvisunungure kubva ‘pahusungwa.

36 “Siya imba yako nemusha,

24a NKM Jesu Kristu.

25a NKM Kuchiva.

b Eks. 20:17;

I VaKori. 7:2–4.

NKM Hupombwe.

26a NKM Chokwadi.

27a NKM Majentairi.

b NKM maJuda.

c Omu. 1:14–19;

Mosaya 25:2–4;

Hir. 8:21;

3 Ni. 2:12–16.

d NKM Mesia.

28a I Tim. 2:8.

NKM Munamato.

b D&Z 20:47, 51; 23:6.

29a NKM Basa
reKushumira.

30a NKM Vimba.

31a II Tim. 2:23–24.

b NKM Rutendo.

c NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

d NKM Bhabhatidza.

e Mat. 3:11.

f NKM Chipo
cheMweya Mutsvene.

32a D&Z 58:26–29.

33a NKM Mirairo
yaMwari.

34a Mabasa 4:34–35.

35a NKM Mungava.

b NEMAMWE MAZWI

kuti vabhadhare

kudhindiswa

kwekutanga

kweBhuku

raMormoni.

c Zir. 22:7.

36a Mat. 19:29.

kunze kwekunge wavekuda kunoona mhuri yako;

37 Uye “taura wakasununguka kune vose; hongu, paridza, nyengetedza, taura ^bchokwadi, kunyangwe nezwi uye neruzha rwekufara, uchishevedzera—Hosana, hosana, ngaropafadzwe zita raIshe Mwari!

38 “Namata nguva dzose, uye ini ^bndichadira Mweya wangu pauri, uye maropafadzo ako achave makuru—hongu, kunyangwe kupfuura zvekunge

wawana upfumi hwepasi pano uye nokuora kwahwo.

39 Tarisai ungaverenge izvi here usingafare uye nokusimudzwa mwoyo wako nokufara?

40 Kana kuti uchagona kuramba uchimhanya here semutungamiri asingaone?

41 Kana kuti ungave “waka-zvininipisa here urimunyoro, uye nokuzvibata zvakachenjera pamberi pangu? Hongu, ^buya kwandiri ini Muponesi wako. Amen.

CHIKAMU 20

Zvakazarurwa zviri maererano nehurongwa nehurumende yeChechi, zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, Kubvumbi 1830 (History of the Church, 1:64–70). Asati anyora maererano nezvakazarurwa zvino Muporofita akanyora, “Takawana kwaAri [Jesu Kristu] zvinotevera, nemweya wehuporofita nezvakazarurwa; izvo zvisina kutipa zivo yakawanda chete, asi zvakanongedzera kwatiri zuva chairo raizove, maererano neKuda Kwake, nekuraira, iro ratafanira kuenda mberi nokuronga Chechi Yake zvakare pano pasi” (History of the Church, 1:64).

1–16, Bhuku raMormoni rinoratidza hutsvene hwebasa remazuva ekupedzisira; 17–28, Dzidziso dzekusikwa, kupunzika, rudzikinuro, nerubhabhatidzo zvinotsinhirwa; 29–37, Mitemo inotonga kutendeka, kunatsiridza, kutsvenesa, nerubhabhatidzo inomiswa; 38–67, Mabasa emagosa, vapirisita, vadzidzisi, nemadhikoni anotsanangurwa muchidimbu; 68–74, Mabasa enhengo, kuropafadzwa kwevana, netsika yerubhabhatidzo zvinoratidzwa; 75–84, Minamoto ye-

Sakaramende nemitemo inotonga nhengo dzeChechi inopihwa.

^a**K**USIMUKA ^bkweChechi **K**yaKristu mumazuva ano ekupedzisira, pave nechuru chimwechete nemazana masere nemakumi matatu emakore kubvira kuuya kwakaita Ishe vedu neMuponesi Jesu Kristu panyama, riri ‘rakarongwa nemazvo uye nokumiswa muchibvumirano chemitemo yenyika yedu, nokuda uye nemirairo ya-

37a D&Z 58:47; 68:8; 71:7.
b D&Z 75:4.
38a Ruka 18:1;
2 Ni. 32:9;
D&Z 10:5.

b Zir. 1:23; Mabasa 2:17.
41a NKM Akazvininipisa.
b Mat. 11:28–30.
20 1a Nh—JS 1:2.
b 3 Ni. 27:1–8.

NKM Chechi, zita re;
Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.
c D&Z 21:3.

Mwari, mumwedzi wechina uye muzuva rechitanhatu remwedzi unonzi Kubvumbi—

2 Iri mirairo yakapiwa kuna Joseph Smith, Mwana, uyo akadaidzwa naMwari, uye akagadzwa ^bmuapositori wa-Jesu Kristu, kuti ave ^cgosa rekutanga chechi ino;

3 Uye kuna Oliver Cowdery, uyo akadaidzwawo naMwari, muapositori wa-Jesu Kristu, kuti ave gosa wechipiri wechechi ino, uye akagadzwa pasi peruoko rwavo;

4 Uye izvi zviri maererano nenyasha dzaishe neMuponesi vedu Jesu Kristu, kubwinya kwose kuve kwaari, iye zvino nariini, Amenii.

5 Mushure mekunge zvaratidzwa zvechokwadi kune gosa rekutanga iri kuti rakanga raga-shira kuregererwa kwezvitadzo zvaro, “rakapinda zvakare mukuzvida kwenyika;

6 Asi mushure mekutendeuka, uye nokuzvininipisa, nemwoyo wake wose, kuburikidza nerutendo, Mwari vakamushumira “nengirozi tsvene, iyo ^bchiso chayo chaita semheni, uye nhumbi dzayo dzakange dzakachena dziri chena kupfuura kumwe kwose kuchena;

7 Uye ikamupa mirairo yakamufemera;

8 Uye ikamupa simba kubva kumusoro, “nenzira yakanga yakagadzirwa kare, kuti adudzire Bhuku raMormoni;

9 Iro rine zvinyorwa zvevanhu vakapuzika, “nevhangeri ^brize-re ra-Jesu Kristu kumaJentairi uye nekuvaJudawo.

10 Iro rakapihwa nekufemera, uye richitsigirwa kune “vamwe kuburikidza nokushumira kwengirozi, uye ^brichiparidzirwa kunyika naivo—

11 Kuratidza kunyika kuti magwaro matsvene “ndeechokwadi, nokuti Mwari ^bvanofemera vanhu uye nokuvadaidza kubasa ravo ^cdzvene munguva nechizvarwa chino, uye neku-zvizvarwa zvekare;

12 Zvichiratidza kuti ndivo Mwari “vamwechetevo vaiveko nezuro, nhasi, nariini. Amenii.

13 Nokudaro, kuve nevapupuri vakuru vakadai, naivava nyika ichatongwa, kunyangwe nevakawanda vachauya mushure meizvi mukuzoziva zvebasa rino.

14 Uye avo vanorigashira nerutendo, uye vakashanda “mukururama, vachagashira ^bkorona yeupenyu hwokusingaperi;

2a NKM Mvumo;

Akadaidzwa naMwari.

b NKM Muapositori.

c NKM Gosa.

5a Nh—JS 1:28-29.

6a Nh—JS 1:30-35.

NKM Ngirozi.

b Mat. 28:2-3.

8a NKM Urimi neTumimi.

9a NKM Vhangeri.

b Nh—JS 1:34.

10a Moro. 7:29-32;

D&Z 5:11.

b Ona Uchapupu hweVapupuri Vatatu uye Uchapupu hweVapupuri Vasere mumapeji emavambo eBhuku raMormoni.

11a NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro

matsvene.

b NKM Kutunhwa.

c NKM Mutsvene.

12a VaH. 13:8;

1 Ni. 10:18-19;

Morm. 9:9-10;

D&Z 35:1; 38:1-4.

14a NKM Akarurama.

b NKM Upenyu Hwokusingaperi; Rusimudzirwo.

15 Asi avo vanoomesa mwoyo yavo “nokusatenda, uye vachiriramba, richavapindukira mukutongwa kwavo—

16 Nokuti Ishe Mwari vazvitauro; uye isu magosa echechi, takazvinzwa uye tinopupura kumazwi aMambo vanobwinya vekumusoro, kwavari ngakuve nekurumbidzwa nariini nariini. Amenii.

17 Pamusoro pezvinhu izvi “tinoziva kuti kuna ^bMwari kudenga, avo vasinamagumo uye vokusingaperi, kubva kusingaperi kusvika kusingaperi vamwechetevo Mwari vasingashanduke, muumbi wedenga nenyika, nezvinhu zvose zvirimazviri;

18 Uye “vakasika munhu, murume nemukadzi, ^bnemufananidzo wavo uye nokumufananidza navo, ndivo vakavasika;

19 Uye ndokuvapa mirairo yokuti vakafanira “kumuda ^bnokumushandira, ivavo chete vapenyu Mwari vechokwadi, uye nokuti ivo chete ndivo munhu wavanofanira ^ckunamata.

20 Asi pamusana pekutyora mitemo iyi mitsvene munhu akave “wenyama ^bnewehudhi-

abhorosi, uye akave munhu ^cakapuzika.

21 Nokudaro, Mwari Samasimba vakapa Mwanakomana wavo “Mumwechete Akaberekwa, sekunyorwa kwazvakaitwa mumagwaro matsvene ayo akapihwa pamusoro pake.

22 Akatambudzika “nokuyedzwa asi haana kuita hanya nazvo.

23 “Akarovererwa, akafa, uye ^bakamuka zvakare muzuva rechitatu;

24 Uye “akakwira kudenga, kwaagere kurudzi ^brwaBaba, kuti atonge namasimba makuru maererano nokuda kwaBaba;

25 Kuti vakawanda sei “vaizotenda uye vagobhabhatidzwa muzita rake dzvene, uye ^bvagoshingirira murutendo kusvika kumagumo, vanofanira kuponeswa;

26 Kwete avo chete vakatenda mushure mekuuya kwake “pakati penguva ari munyama, asi avo vose kubvira pakutanga, kunyangwe vakawanda sei vakanga variko asati auya, vakatenda kumazwi evaporofita ^bmatsvene, vaitaura sekufemerwa kwavaitwa ^cnechipo cheMweya

15a NKM Kusadaira.

17a D&Z 76:22–23.

b Josh. 2:11.

NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

18a NKM Sika.

b Gen. 1:26–27;

Mosaya 7:27;

Eta 3:14–17.

19a Deut. 11:1;

Mat. 22:37;

Moro. 10:32;

D&Z 59:5–6.

b Deut. 6:13–15.

NKM Rubatsiro.

c NKM Kunamata.

20a NKM Kufadza Nyama.

b NKM Dhiabhorosi.

c NKM Munhu

weNyama.

21a NKM Mumwechete

Akaberekwa.

c Mat. 4:1–11; 27:40.

22a NKM Kuroverwa.

b NKM Kumuka

Kuvakafa.

24a NKM Kukwira.

b NKM Baba

veKudenga; Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Baba.

25a D&Z 35:2; 38:4; 45:5, 8; 68:9; 76:51–53.

b NKM Tsungirira.

26a D&Z 39:1–3.

b Jak. 4:4; 7:11;

Mosaya 13:33.

c Mos. 5:58.

NKM Mweya

Mutsvene.

Mutsvene, ^avaipupura necho-
kwadi pamusoro pake muzvi-
nhu zvose, vanofanirwa kuve
neupenyu hwokusingaperi,

27 Naivowo vachauya shure,
vachatenda ^amuzvipa nekuda-
idza kwaMwari kuburikidza
neMweya Mutsvene, uyo ^buno-
pupura nezvaBaba nezveMwan-
akomana;

28 Ivo Baba, Mwanakomana,
neMweya Mutsvene vari Mwari
^amumwechete, vasinamagumo
vokusingaperi, vasingagume.
Ameni.

29 Uye tinoziva kuti vose va-
nhu vanofarira ^akutendeuka
uye nokutenda muzita raJesu
Kristu, uye nokunamata Baba
muzita rake, uye nokushingiri-
ra ^bmukutenda muzita rake
kusvika kumagumo, kana kuti
^chavangaponeswe muumambo
hwaMwari.

30 Uye tinoziva kuti ^akunatswa
kuburikidza ^bnenyasha dzalsh
vedu neMuponesi vedu Jesu
Kristu kwakarurama uye nde-
kwechokwadi.

31 Uye tinozivawo kuti, ^aku-
tsveneswa kuburikidza nenya-
sha dzalsh Muponesi vedu Jesu
Kristu kwakarurama uye nde-
kwechokwadi, kune avo vose
vanoda nokushandira Mwari

^bnekugwinya kwavo kwose,
nepfungwa, uye nesimba.

32 Asi zvinogonakuitika kuti
munhu ^aanopunzika kubva pa-
nyasha uye obva abva pana
Mwari mupenyu;

33 Naizvozvo regai chechi ite-
erere uye nokunamata nguva
dzose, potse vangapinde ^amu-
kuyedzwa;

34 Hongu, uye regai kunya-
ngwe avo vakatsveneswa vate-
erere naivowo.

35 Uye tinoziva kuti zvinhu
izvi ndezvechokwadi uye zviru
maererano nezvakazarurwa
zvaJohane, pasina ^akupamhi-
dzira kana kushora chiporofita
chebhuku rake, ^bmagwaro
matsvene, kana zvakazarurwa
zvaMwari zvichauya mushure
nechipo nesimba reMweya
Mutsvene, ^cizwi raMwari, kana
kushumira kwengirozi.

36 Uye Ishe Mwari vazvita-
ra, uye rukudzo, simba neku-
bwinya ngazvipihwe kuzita
ravo dzvene, iye zvino narinhi.
Ameni.

37 Uye zvakare nenzira yekuraira
kucheche maererano netsika yeru-
bhabhatidzo — Avo vose vano-
zvininipisa pamberi paMwari,
uye vachida ^akubhabhatidzwa,
uye vachiuya vaine mwoyo

26d NKM Jesu Kristu—
Zviporofita
nezvekuzvarwa uye
nerufu rwaJesu
Kristu.

27a D&Z 18:32.

b D&Z 42:17.

28a Joh. 17:20-22;

3 Ni. 11:27, 36.

NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

29a NKM Rutendeuko.

b NKM Rutendo.

c NKM Ruponeso;

Hurongwa

hweRununuro.

30a NKM Natsa.

b NKM Nyasha.

31a NKM Kutsveneswa.

b Deut. 6:5;

Moro. 10:32.

32a NKM Kurasika

Pachitendero;

Hupanduki.

33a NKM Chiedzo.

35a Zvaka. 22:18-19.

b NKM Magwaro

matsvene.

c D&Z 18:33-36.

37a NKM Bhabhatidza.

^byakatyoka nemweya yakapfa-
va, uye vagopupura pamberi
pechechi kuti chokwadi vate-
ndeuka kuzvitadzo zvavo zvo-
se, uye vave kuda kutora pavari
^czita raJesu Kristu, vaine ^dhushi-
ngi hwekumushandira kusvika
kumagumo, uye vagoratidza
^enemabasa avo kuti zvechokwa-
di vakagashira Mweya waKristu
^fmukuregererwa kwezvitadzo
zvavo, vachagashirwa nerubha-
bhatidzo muchechi yake.

38 Basa remagosa, vapirisita, va-
dzidzisi, madhikoni, uye nenhengo
dzechechi yaKristu — ^amuaposi-
tori igosa, uye ibasa rake kuti
^babhabhatidze;

39 Uye ^anekugadza mamwe
magosa, vapirisita, vadzidzisi,
nemadhikoni;

40 Uye ^anekupa chingwa ne-
waini — mifananidzo yenyama
neropa raKristu —

41 Uye ^anokusimbisa avo
vanobhabhatidzwa muchechi,
nekuvaisa ^bmaoko pamusoro
rwuri rubhabhatidzo rwemoto
neMweya ^cMutsvene, maerera-
no nemagwaro matsvене.

42 Uye nokudzidzisa, kutsana-
ngura, kukurudzira, kubhabha-
tidza, uye nokutarisa chechi.

43 Uye nekusimbisa chechi

nekuisa maoko pamusoro, uye
nekupa Mweya Mutsvene;

44 Uye nokutungamira yose
misangano.

45 Magosa ndivo ^avanotunga-
mira misangano sekutungami-
rwa kwavanenge vachiitwa
neMweya Mutsvene, maerera-
no nemirairo nezvakazarurwa
zvaMwari.

46 Basa ^aremupirisita kupari-
dza, ^bkudzidzisa, kutsanangura,
kukurudzira, uye nokubhabha-
tidza, uye nokupa sakaramende,

47 Uye nokushanyira imba
yenhengo yega-yega, uye no-
kuvakurudzira kuti ^avanamate
^bzvinonzwika uye nemuruva-
nde uye nokuona mabasa ose
^cemhuri.

48 Uye anogonawo ^akugadza
vamwe vapirisita, vadzidzisi,
nemadhikoni.

49 Uye akafanira kutungami-
ra misangano kana pasina gosa
riripo;

50 Asi kana paine gosa riripo,
chake kuparidza chete, noku-
dzidzisa, nokutsanangura,
nokukurudzira, uye nokubha-
bhatidza;

51 Uye nokushanyira imba
yenhengo yega-yega, nokuva-
kurudzira kuti vanamate zvi-

37b NKM Mwoyo
Wakatyoka.
c Mosaya 5:7–9; 18:8–10.
NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.
d NKM Tsungirira.
e Jkb. 2:18.
NKM Mabasa.
f NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

38a NKM Muapositori.
b 3 Ni. 11:21–22.
39a Moro. 3:1–4;
D&Z 107:58.
40a NKM Sakaramende.
41a D&Z 33:11,
14–15; 55:3.
b NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.
c NKM Chipo
cheMweya

Mutsvene.
45a Moro. 6:9;
D&Z 46:2.
46a D&Z 84:111; 107:61.
NKM Mupirisita,
Hupirisita hwaAroni.
b NKM Dzidzisa.
47a I Tim. 2:8.
b D&Z 19:28.
c NKM Mhuri.
48a NKM Gadza.

nonzwika nemuruvande uye nokuita ose mabasa emhuri.

52 Mumabasa ose aya “mupirisita anofanira kuyamura gosa kana mukana uchitendera.

53 Basa “remudzidzisi ^bkutari-sa chechi nguva dzose, uye nokuvanavo nokuvasimbisa;

54 Uye nokuona kuti hamuna zvitema muchechi, kana “kusa-itirana zvakanaka, kana kunyepa, kurevana, kana kutaura ^bzvakaipa;

55 Uye nokuona kuti chechi inosangana pamwechete nguva dzose, uye nokuonawo kuti nhengo dzose dziri kuita basa radzo.

56 Uye anotora hutungamiri hwemisingano kana pasina gosa kana mupirisita.

57 Uye anofanira kugara achiyamurwa nguva dzose, mumabasa ake ose muchechi, “nemadhikoni, kana zvichifanira.

58 Asi vadzidzisi kana madhikoni havana mvumo yekubhabhatidza, kunamatira sakaramende, kana kuisa maoko pamusoro;

59 Asika, vanofanira kuyambira, nokutsanangura, kukuridzira, nokudzidzisa, uye nokukoka vose kuti vauye kuna Kristu.

60 Rose “gosa, mupirisita, mudzidzisi kana mudhikoni anofanira kugadzwa maererano nezvipo ^bnekudaidza kwaMwari, uye anofanira kugadzwa

nesimba reMweya Mutsvene, uri mune uyo anomugadza.

61 Magosa akati kuti anoumba chechi ino yaKristu anofanira kusangana mugungano kamwechete pamwedzi mitatu, kana kuti nguva nenguva, sezvicharongwa kana kusarudza kuchaita makungano arehwa.

62 Uye makungano arehwa ndeekuita chero basa rechechi rakafanira kuve rinoitwa panguva iyoyo.

63 Magosa anofanira kuwana magwaro avo kubva kune mamwe magosa, “vachitsigirwa nechechi yavanenge vari, kana kubva kumisingano.

64 Mupirisita ega-ega, mudzidzisi, kana mudhikoni, akagadzwa nemupirisita, anokwanisa kutora rugwaro kwaari panguva iyoyo, “rugwaro urwo, kana rwukaratidzwa kugosa, rwunomuita kuti awane rugwaro urwo rwuchamupa mvumo kuti aite mabasa ekudaidzwa kwake, kana kuti angarwutambire kubva kumusangano.

65 Hapana munhu “achagadzwa muchinzvimbo chipi zvacho muchechi ino, panebazi rakafanana rechechi iripo yakarongwa, pasina ^brutsigiro rwechechi iyoyo;

66 Asi magosa anotungamira, mabhisopu anofamba, mukurukota epamusoro, vapirisita vepamusoro, nemagosa, vano-

52a D&Z 107:14.

53a NKM Mudzidzisi, Hupirisita hwaAroni.

^b NKM Murindiri.

54a I VaT. 5:11–13.

^b NKM Kutaura

Zvakaipa.

57a NKM Mudhikoni.

60a NKM Gosa.

^b NKM Akadaidzwa naMwari.

63a NKM Kubvumirana

kwewose.

64a D&Z 20:84; 52:41.

65a NKM Gadza.

^b D&Z 26:2.

NKM Kubvumirana kwewose.

gona kuve nerombo rekugadza, panenge pasina bazi rechechi rekudaidzirwa kutsigira.

67 Wose mukuru wehupirisita hwepamusoro (kana gosa riri kutungamira), ^abhishopi, guru-kota repamusoro, nemupirisita ^bwepamusoro, anogadzwa zvichitungamirwa nedare ^crepamusoro kana gungano revose.

68 *“Basa renhengo mushure mekunge vagashirwa nerubhabhatidzo.* — Magosa kana mapirisita vanofanira kuve nenguva yakakwana yekutsanangura zvose zvinhu zviru maererano nechechi yaKristu kuti ^bvazvinzwise, vasati vatora ^csakaramende uye nokuzosimbiswa nokuiswa ^amaoko pamusoro nemagosa, kuti zvinhu zvose zvigoitwa nenzira kwayo.

69 Uye nhengo dzicharatidza pachena pamberi pechechi, nepamberi pemagosa, nekufamba nekutaura kwehumwari, kuti vakakodzera, kuti kuve ^anemabasa nerutendo rwunobvumirana nemagwaro matsvene—vachifamba ^bmuhutsvene pamberi palshe.

70 Yose nhengo yechechi yaKristu ine vana inofanira kuvaunza kumagosa pamberi pechechi, avo vanofanira kuvaisa maoko pamusoro muzita

raJesu Kristu, ^anokuvaropafadza muzita rake.

71 Hakuna angatambirwe muchechi yaKristu kunze kwekunge asvika pazera ^arekuzvidavirira pamberi paMwari, uye ari anokwanisa ^bkutendeuka.

72 ^aRubhabhatidzo rwunoitwa netsika inotevera kune vose avo vanotendeuka—

73 Munhu akadaidzwa naMwari uye aine mvumo kubva kuna Jesu Kristu kuti abhabhatidze, achapinda mumvura nemunhu auya kuzobhabhatidzwa, uye oti achimudaidza nezita: Nemvumo yandakapihwa naJesu Kristu, ndinokubhabhatidza muzita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene. Amen.

74 Zvino ^aomunyika mumvura, uye omuburitsa zvakare mumvura.

75 Zvakakodzera kuti chechi isangane nguva dzose kuti ^avatore chingwa newaini ^bmurungarira Ishe Jesu;

76 Uye gosa kana mupirisita ndiye acharopafadza basa racho; uye anoropafadza ^anetsika inotevera iyi—achapfugama pamwechete nechechi uye odaidza Baba mumunamoto wakadzama achiti:

77 Mwari Baba Vokusingape-

67a NKM Bhishopi.
b NKM Mupirisita wePamusoro.
c NKM Dare rePamusoro.

68a NKM Basa.
b NKM Kunzwisisa.
c NKM Sakaramende.
d NKM Maoko, Kugadzwa kwe.

69a Jkb. 2:14-17.
b NKM Hutsvene.

70a NKM Kuropafadzwa—Kuropafadzwa kwevana.

71a D&Z 18:42; 29:47; 68:25-27.
NKM Kudavira; Bhabhatidza—Kodzera

yerubhabhatidzo.
b NKM Rutendeuko.
72a 3 Ni. 11:22-28.

74a NKM Bhabhatidza—Rubhabhatidzo nokunyudzwa.

75a Mabasa 20:7.
b NKM Sakaramende.
76a Moro. 4:1-3.

ri, tinokukumbirai muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nekutsvenesa “chingwa ichi kumweya yeavo vose vanochidya, kuti vagochidya mukurangerira muviri weMwanakomana wenyu, uye ^bvapupure kwamuri, Mwari Baba Vokusingaperi, kuti vanoda ^ckutora pavari zita reMwanakomana wenyu, nokumurangerira nguva dzose ^dnokuchengeta mirairo yake iyo yaakavapa; kuti vave ^eneMweya wake nguva dzose. Amenii.

78 ^aMutowo wekuropafadza waini—achatora ^bkomichi, otaura achiti:

79 Mwari Baba Vokusingaperi, tinokukumbirai muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nekutsvenesa “waini iyi kumweya yeavo vose vanoinwa, kuti vave vanozviita mukurangerira ropa reMwanakomana wenyu, iro ravakadeurirwa; kuti vagopupura kwamuri, Mwari Baba Vokusingaperi, kuti vagomurangerira nguva dzose, kuti vave neMweya wake. Amenii.

80 Chero zvake nhengo yechechi yaKristu anotadza, kana anowanikwa aine chaanokanganisa, achaitwa sezvinotaurwa nemagwaro matsvene.

81 Richave basa rechechi dzose, dzinoumba chechi yaKristu kuti vatumire mumwechete kana vakawanda vevadzidzisi vavo kuti vanopinda mumakungano akawanda anoitwa nemagosa echechi.

82 Vaine “mazita enhengo dzose dzakazvibanidza nechechi kubvira pagungano rekupedzisira; kana kutumira neruoko rwemumwe muhupirisita, kuitira kuti zvinyorwa zvemazita ose echechi yose zvichengetwe mubhuku nerimwe remagosa, ripi zvaro rinenge rasarudzwa nemamwe magosa nguva-nenguva;

83 Uyewo, kana paine “vakatandaniswa muchechi, kuti mazita avo agodzimwa muzvinyorwa zvevanhu vose vechechi.

84 Dzose nhengo dzinotama muchechi yadzakanga dzichigara, kana dziri dzakakodzera kuchechi yadzisingazivikanwe, dzingatore tsamba inotsigira kuti inhengo chaidzo uye vamire zvakanaka, iyoyo tsamba inogona kusainwa neripi zvaro gosa kana mupirisita ndokunge nhengo iri kutambira tsamba ichizivikanwa negosa kana mupirisita, kana kuti ingasainwe nevadzidzisi kana madhikoni echechi.

CHIKAMU 21

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita kuFayette, New York, 6 Kubvumbi, 1830 (History of the Church, 1:74–79).

77a Ruka 22:19.

b Mosaya 18:8–10;
D&Z 20:37.

c Mosaya 5:8–12.

d NKM Anoteerera.

e Joh. 14:16.

78a Moro. 5:1–2.

b Ruka 22:20.

79a D&Z 27:2–4.

82a Moro. 6:4.

83a Eks. 32:33;

Aruma 5:57;

Moro. 6:7.

NKM Kubviswa

Hunhengo.

Chakazarurwa ichi chakapihwa pakarongwa Chechi, pazuva rataurwa, mumba maPeter Whitmer, Baba. Varume vatanhatu, vakanga vabhabhatidzwa, vaivepo. Nesarudzo yakabvumiranwa nevose vanhu ava vakaratidza chido chavo nokuzvipira kwavo kuti varonge, maererano nomurairo waMwari (ona chikamu 20). Vakabvumawo kugashira nekutsigira Joseph Smith, Mwana, naOliver Cowdery sevatumamiri veChechi. Nekugadza maoko, Joseph akagadza Oliver ugosa hweChechi, uye Oliver zvimwechetewo akagadzawo Joseph. Mushure mekuropafadza sakaramende, Joseph naOliver vakaisa maoko pamunhu nemunhu kuvapa Mweya Mutsvene uye nokusimbisa mumwe nemumwe senhengo yeChechi.

1-3, Joseph Smith anodaidzwa kuva muoni, mududziri, muporofita, muapositori, negosa; 4-8, Izwi rake richatumamira chinangwa cheZioni; 9-12, Vatendi vachatenda mazwi ake paanotaura kuburikidza neMunyaradzi.

TARISAI, pachave “nezvinyorwa zvinochengetwa pakati penyu; uye mazviri uchanzi ^bmuoni, mududziri, muporofita, “muapositori waJesu Kristu, gosa rechechi kuburikidza nekuda kwaMwari Baba, uye nenyasha dzalshe vako Jesu Kristu,

2 “Uchifemerwa neMweya Mutsvene kuti uhwarika hwaro hwayo, uye nokuivaka kurutendo rwutsvene tsvene.

3 Riri “chechi ^brakarongwa uye rakamiswa mugore ralshe wenyu 1830, mumwedzi wechina, uye muzuva rechitanhatu remwedzi unonzi Kubvumbi.

4 Nokudaro, zvakanangana nechechi, muchateerera “kumazwi ake ose nemirairo yaachapa kwamuri sekugashira kwaanenge achiita, achifamba ^bmuhutsvene hwose pamberi pangu; 5 Nokuti “shoko rake mucharigashira, sekunge ririkubva mumuromo mangu, mumwoyo murefu wose nerutendo.

6 Nokuti mukuita zvinhu izvi “masuwo egehena haazokukundai; hongu, uye Ishe Mwari anoparadza masimba ^berima kubva kwamuri, uye nokuita kuti matenga “azunguzike zvinonakira imi, uye “nezvekurumbidzwa kwezita rake.

7 Nokuti ndiko kutaura kwaIshe Mwari; Iyeyo ndiye wandakafemera kufambisa chinangwa “cheZioni musimba guru munezvakanaka, nekushingaira kwake ndinokuziva, uye minamoto yake ndakainzwa.

8 Hongu, kuchemera kwake

21 1a D&Z 47:1; 69:3-8; 85:1.
 b NKM Muoni.
 c NKM Muapositori.
 2a NKM Kutunhwa.
 3a NKM Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva

Ekupedzisira.
 b D&Z 20:1.
 4a NKM Magwaro matsvene.
 b NKM Hutsvene.
 5a D&Z 1:38.
 NKM Kutsigira Vatungamiri

veChechi; Muporofita.
 6a Mat. 16:18; D&Z 10:69.
 b VaKoro. 1:12-13.
 c D&Z 35:24.
 d NKM Kubwinya.
 7a NKM Zioni.

Zioni ndakakuona, uye ndichaita kuti asazoichemera zvakare; nokuti mazuva ake ekufara auya ^amukuregererwa kwezvitadzo zvake, uye nokuonekwa kwemaropafadzo angu pama-basa ake.

9 Nokuti tarisai, ^andicharopafadza vose avo vanoshanda mumunda wangu ^bwemizambiringa nemaropafadzo makuru, uye ivo vachatenda nemazwi ake, anopihwa kwaari kuburikidza nekwandiri ^cnaMweya Munyaradzi, ayo ^danoratidza kuti Jesu ^eakaroverwa nevanhu vane ^fzvitadzo pamusoro pezvitadzo ^gzvenyika, hongu, kuitira

kuregererwa kwezvitadzo kune mwoyo ^hwakapfava.

10 Nokudaro zvinondifadza kuti anofanira ^akugadzwa newe Oliver Cowdery, muapositori wangu;

11 Ichi chiri chisungo kwauri, kuti uri gosa pasi peruoko rwa-ke, iye ari ^awekutanga kwauri, kuti uve gosa kuchechi ino yaKristu, ine zita rangu.

12 Uye muparidzi wekutanga kuchechi ino, uye pamberi penyika, hongu, pamberi pama-Jentairi; hongu ndiko kutaura kunoita Ishe Mwari, tarisa, tarisa ^anekumaJudawo. Amenii.

CHIKAMU 22

Zvakazarurwa zvakapihwa nekuna Joseph Smith Muporofita, paManchester, New York, Kubvumbi 1830 (History of the Church, 1:79–80). Chakazarurwa ichi chakapihwa kuChechi nekuda kwevamwe vakanga vakambobhabhatidzwa vachida kubatana neChechi pasina kubhabhatidzwa zvakare.

1, Rubhabhatidzo chibvumirano chitsva uye chisingaperi; 2–4, Rubhabhatidzo rwune mvumo ndirwo rwunodikanwa.

TARISAI, ndinoti kwauri zvo-se zvbvumirano ^azvakare ndaita kuti zvbviswe kuburikidza nechingu ichi; uye ichi

chibvumirano chitsva ^bchisingaperi, icho chakabvira pakutanga.

2 Nokudaro, kana dai munhu akabhabhatidzwa kazana hapana chazvinomuyamura, nokuti haungapinde nepakamusuwo kakamanikana ^anemutemo waMosesi, kana nemabasa ako ^bakafa.

8a D&Z 20:5–6.

9a 1 Ni. 13:37;

Jak. 5:70–76.

^b NKM Munda wemizambiringa walshe.

^c NKM Munyaradzi.

^d NKM Pupura.

^e NKM Kuroverwa.

^f NKM Chitadzo.

^g I Joh. 2:2.

NKM Nyika—Vanhu vasingateerere mitemo.

^h NKM Mwoyo Wakatyoka.

10a NKM Gadza.

11a D&Z 20:2.

12a 1 Ni. 13:42;

D&Z 19:27; 90:8–9.

22 1a VaH. 8:13;

3 Ni. 12:46–47.

^b D&Z 66:2.

NKM Chibvumirano; Chibvumirano Chitsva uye Chisingaperi.

2a VaG. 2:16.

NKM Mutemo waMosesi.

^b Moro. 8:23–26.

3 Nokuti pamusoro pemabasa enyu akafa ndaita kuti ndiite chibvumirano ichi chekupedzira nechechi ino kuti zvivakirwe ini, kana semazuva akare.

4 Nokudaro, pindai “nepamu-suwo, sekuraira kwandaita, uye ^bmusatsvake kuraira Mwari venyu. Amen.

CHIKAMU 23

Zvakazarurwa zvakapihwa nekuna Joseph Smith Muporofita, pa-Manchester, New York, Kubvumbi 1830, kuna Oliver Cowdery; Hyrum Smith; Samuel H. Smith; Joseph Smith, Baba; naJoseph Knight, Baba (History of the Church, 1:80). Pamusana pechido chemwoyo wose chevanhu vashanu vataurwa kuti mumwe nemumwe azive nezvemabasa ake, Muporofita akabvunza kuna Ishe uye akagashira chakazarurwa ichi.

1–7, *Vadzidzi vekutanga ava vonodaidzwa kuti vaparidze, nokukurudzira, nokusimbisa Chechi.*

TARISAI, ndinotaura kwauri Oliver, mazwi mashomanani. Tarisa, iwe wakaropafadzwa, uye hausi pasi pekutongwa. Asi chenjera “kuzvikudza, potse ungapinde ^bmukuyedzwa.

2 Ita kuti kudaidzwa kwako kuzivikanwe kuchechi, uye nepamberiwo penyika, uye mwoyo wako uchazarurirwa kuparidza chokwadi kubvira zvino kusvika nariini. Amen.

3 Tarisai, ndinotaura kwauri Hyrum, mazwi mashomanani; nokuti newewo hausi pasi pekutongwa, uye mwoyo wako wazarurwa, nerurimi rwako rwasunungurwa; uye kudaidzwa kwako ndekwekukurudzira, “nokusimbisa chechi nguva dzose. Nokudaro basa

rako riri muchechi nariini, uye izvi zvakadaro nekuda kwe-mhuri yako. Amen.

4 Tarisai, ndinotaura mazwi mashomanani kwauri, “Samuel; nokuti newewo hausi pasi pekutongwa, kudaidzwa kwako ndekwekukurudzira, nokusimbisa chechi; uye hausati wadaidzwa kuti uparidze pamberi penyika. Amen.

5 Tarisai, ndinotaura mazwi mashomanani kwauri Joseph; nokuti newewo hausi pasi pekutongwa, kudaidzwa kwakowo ndekwekukurudzira, nokusimbisa chechi; iri ndiro basa rako kubvira zvino kusvika nariini. Amen.

6 Tarisai, ndinozviritidza kwauri, Joseph Knight, nemazwi aya, kuti wakafanira kutora “muchinjikwa wako, mukudaro wakafanira ^bkunamata ^cuchidaidzira pamberi penyika nemuruva-

4a Mat. 7:13–14;
Ruka 13:24;
2 Ni. 9:41; 31:9, 17–18;
3 Ni. 14:13–14.
NKM Bhabhatidza.

b Jak. 4:10.
23 1a NKM Kudada.
b NKM Chiedzo.
3a D&Z 81:4–5; 108:7.
4a Nh—JS 1:4.

6a Mat. 10:38;
3 Ni. 12:30.
b NKM Munamato.
c D&Z 20:47, 51.

ndewo, mumhuri yako nemushamwari dzako, nemunzvimbo dzose.

7 Uye tarisai, ibasa rako “kuba-

tana nechechi yechokwadi, uye mutauro wako kukurudzira nguva dzose, kuti uogashira mubairo wemushandi. Amenii.

CHIKAMU 24

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita naOliver Cowdery, paHarmony, Pennsylvania, Chikunguru 1830 (History of the Church, 1:101–103). Kana zvazvo kwakanga kwapera mwedzi isingasvike mina kubvira kurongwa kwakaitwa Chechi, kutambudzwa kwakanga kwatonyanya, uye vatungamiri vaitotsvaka kupona nekuzvivanza. Zvakazarurwa zvitatu zvinotevera zvakapihwa panguva iyi kuti zviwasimbise nokuvakurudzira, nokuvaraira.

1–9 Joseph Smith anodaidzwa kuti adudzire, aparidze, nokutsanangura magwaro matsvene; 10–12, Oliver Cowdery anodaidzwa kuti aparidze vhangeri; 13–19, Mutemo unoratidzwa pamusoro pekushanda nesimba raMwari, kutukwa, kuguma guruwa retsoka, nokuenda usina chikwama kana mbuva.

TARISAI, wakadaidzwa ukasarudzwa kuti unyore Bhuku raMormoni, uye nokuhushumiri hwangu; ndakakusimudza kubva mumatambudziko ako uye ndikakuraira, zvekuti wakabviswa kune vose vavengi vako, uye ukabviswa mumasimba aSatani uye nemurima;

2 Zvisinei, haugone kuregerwa “mukutadza kwako; zvisinei, enda zvako uye usazotadza zvakare.

3 “Kudza basa rako; uye mushure mekunge wadyara

minda yako uye waivakirira, enda nokukurumidza kuchechi iri ^bmuColesville, Fayette, neManchester, uye vachakutsigira; uye ini ndichavaropafadza zvose mumweya nemunyama; 4 Asi vakasakutambira, ndinozotumira kwavari kutukwa kunze kwemaropafadzo.

5 Uye iwe ucharamba uchierenderera mberi mukudaidzira kuna Mwari muzita rangu, uye nokunyora zvinhu zvamuchapihwa “naMunyaradzi, uye nokutsanangura magwaro matsvene ose kuchechi.

6 Uye zvichapihwa kwauri munguva iyoyo “zvauchataura, nekunyora, uye vachazvinzwa, kana kuti ndinotumira kwavari kutukwa kunze kwemaropafadzo.

7 Nokuti uchaisa rose “basa rako muZioni; uye mukudaro uchaita simba.

7a NKM Bhabhatidza—
Zvinofanira.

24 2a D&Z 1:31–32.

3a Jak. 1:19; 2:2.

b D&Z 26:1; 37:2.

c D&Z 70:12.

5a NKM Munyaradzi.

6a Eks. 4:12;

Mat. 10:19–20;

Ruka 12:11–12;

Hir. 5:18–19;

D&Z 84:85; 100:5–8;

Mos. 6:32.

7a NKM Rubatsiro.

8 Iva “nemwoyo murefu, ^bmutambudziko, nokuti uchava neakawanda; asi ^cushingirire, nokuti tarisa, ndinewe, kunyanga we kusvika ^dkumagumo emazuva ako.

9 Uye mumabasa emunyika hauzove nesimba, nokuti iri harisi basa rako. Ita ^azvebasa rako uye uchazove nezvekukudzisa basa rako, uye nokutsanangura ose magwaro matsvene, ramba uchigadza maoko noku-simbisa machechi.

10 Mumwe wako Oliver acharamba ari mukutakura zita rangu pamberi penyika, uye nechechiwo. Uye haafanirwe kuzombofunga kuti angataure zvakanwana mubasa rangu; uye tarisa, ndinaye kusvika kumagumo.

11 Mandiri achawana kubwinya, kwete kwake iye, chero mukusasimba kana mukusimba, chero mukusungwa kana murusununguko;

12 Uye panguva dzose nemunzvimbo dzose achavhura muromo wake ^aachitaura vhangeri rangu nezwi rinenge ^brehwamanda, zvose masikati neusiku. Ndichamupa simba iro risingazikanwe pakati pevanhu.

13 Usatsvage ^azvishamiso, kunze kwekunge ^bndakurairai,

kunze ^ckwekubvisa mweya ^dyakaipa, ^ekurapa vanorwara, nokurwisana nenyoka dzine ^fmuchetura, nemuchetura inouraya.

14 Uye zvinhu ^aizvi hauzovita kunze kwekunge zvichidiwa kwauri neavo vanozvida, kuti magwaro matsvene azadzikiswe; nokuti uchaita maererano neizvo zvakanyorwa.

15 Nemunzvimbo ipi zvayo ^ayauchapinda, uye vasingakutambire muzita rangu, uchasiya kutukwa kunze kwemaropafadzo, kuburikidza nekugumira ^bguruva retsoka dzako kwavari seuchapupu, nokugeza tsoka dzako parutivi rwenzira.

16 Uye zvichaitika kuti ani zvake achaisa maoko ake pauri kukurwisa, ucharaira kuti arohwe muzita rangu; tarisai; ndichavarova maererano nemazwi ako, mukukwana kwenguva yangu.

17 Uye ani zvake achaenda kumutemo newe achatukwa nemutemo.

18 Uye hautakure ^achikwama kana nhava, kana mudonzvo, kana mabhatyi maviri, nokuti chechi ichakupanga panguva yose icho chaunoda chekudya uye nechekupfeka, neshangu nezvemari, nenhava.

8a NKM Mwoyo Murefu.
 b NKM Matambudziko.
 c NKM Tsungirira.
 d Mat. 28:20.
 9a NKM Mutariri.
 12a NKM Paridza.
 b D&Z 34:6.
 13a NKM Chishamiso;
 Chiratidzo.

b 1 Ni. 17:50.
 c Marko 16:17.
 d NKM Mweya—
 Mweya yakaipa.
 e NKM Kurapa.
 f Mabasa 28:3-9;
 D&Z 84:71-72;
 124:98-99.
 14a NKM Kuropafadza

vanowara.
 15a Mat. 10:11-15.
 b Marko 6:11;
 Ruka 10:11;
 D&Z 60:15; 75:19-22;
 99:4-5.
 18a Mat. 10:9-10;
 Ruka 10:4;
 D&Z 84:78-79.

19 Nokuti wakadaidzwa “ku-zochekerera munda wangu wemizambiringa nokucheke-rera kukuru, hongu, kunya-ngwe kwenguva yekupedzisi-

ra; hongu uye neavowo vose ^bvawakagadza, uye vachaita kunyangwe nemaererano nezira iyoyi. Amenii.

CHIKAMU 25

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, paHarmony, Pennsylvania, muna Chikunguru 1830 (History of the Church, 1:103–104). (Ona musoro wenyaya muchikamu 24.) Chakazarurwa ichi chinoisa pachena chido chalshe kuna Emma Smith, mudzimai we Muporofita.

1–6, Emma Smith, mudzimai akasarudzwa, anodaidzwa kuti ayamure nekunyaradza murume wake; 7–11, Anodaidzwawo kuti anyore, nekutsanangura magwaro matsvene nokusarudza nziyo; 12–14, Rwiyo rwevakarurama munamato kuna Ishe, 15–16, Misimboti yekuteerera mune chakazarurwa chino inoshanda kune vose.

TEEERERA kuzwi raIshe Mwari vako, ndichitaura kwauri, Emma Smith, mwanasikana wangu; nokuti zvirokwa-zvo ndinoti kwauri, avo vose “vanogashira vhangeri rangu vanakomana nevanasikana ^bmuumambo hwangu.

2 Chakazarurwa ndinochipa kwauri pamusoro pechido changu; kana wakatendeka “uchi-famba munzira ^bdzakanaka pamberi pangu, ndichachenge-

tedza upenyu hwako, uye uchagashira “nhaka muZioni.

3 Tarisai, “zvitadzo zvako wazviregererwa, uye uri mudzimai akasarudzwa uyo ^bwandakaidza.

4 Usanyunyute nechikonzero chezvinhu zvausati waona, nokuti hazvina kupihwa kwauri uye nekunyika, hunova ungaru mandiri munguva iri kuuya.

5 Uye basa rawakadaidzirwa richave “rekunyaradza muranda wangu, Joseph Smith Mwana, murume wako, mumatambudziko ake, nemazwi anonyaradzwa, mumweya wekupfava.

6 Uye uchaenda naye panguva yekuenda kwake, uye ugove kwaari semunyori, papanenge pasina angave munyori kwaari, kuti nditumire muranda wangu Oliver Cowdery, kwose zvako kwandinoda.

7 Uye iwe “uchagadzwa pasi

19a Jak. 5:61–74;
D&Z 39:17; 71:4.

^b NKM Gadza.

25 1a Joh. 1:12.
NKM Vanakomana
neVanasikana
vaMwari.

^b NKM Umambo

hwaMwari kana
Umambo
hweKudenga.

2a NKM Famba, Famba
naMwari.

^b NKM Hunhu
Wakanaka.

^c D&Z 52:42;

64:30; 101:18.

NKM Zioni.

3a Mat. 9:2.
^b NKM Akadaidzwa
naMwari.

5a NKM Kunzwa Tsitsi.

7a KANA kutsaurwa.
nkm Kutsaura.

peruoko rwake kuti utsanangure magwaro matsvene, uye nokukurudzira chechi maererano nokupihwa kwazvichaitwa kwauri neMweya wangu.

8 Nokuti achaisa “maoko ake pauri, uye iwe uchagashira Mweya Mutsvene, uye nguva yako ichapirwa mukunyora, nokudzidza zvakawanda.

9 Uye haufanire kutya, nokuti murume wako achakutsigira muchechi; nokuti kwavari ndiko kune “kudaizwa kwake, kuti zvose zvinhu ^bzvingazarurwe kwavari, zvose zvandingade, maererano nerutendo rwavo.

10 Uye zvirokwazvo ndinoti kwauri uchaisa parutivi “zvinhu ^bzvenyika ino, uye ‘wotsvaga zvinhu zvakana.

11 Uye zvichapihwa kwauri, uyewo, zvokusarudza “nziyo dzinoyera, sokuzvipihwa kwauchaitwa, zviru zvinofadza

kwandiri, kuti dzive muchechi yangu.

12 Nokuti mweya wangu unofara “murwiyo rwunobva ^bpamwoyo; hongu, rwiyo rwevakarurama munamoto kwandiri, uye rwuchapindurwa nemaropafadzo pamisoro yavo.

13 Nokudaro, simudza mwoyo wako ufare, uye unamatire kuzvibvumirano izvo zvawaita.

14 Ramba uri mumweya “wekupfava, uye uchenjerere ^bkuzvikudza. Rega mweya wako ufarire murume wako, nokubwinya kuchauya paari.

15 Chengeta mirairo yangu nguva dzose, uye “korona ^byekururama uchaigashira. Uye kunze kwekunge waita izvi, pandinenge ndiri ‘haungapauye.

16 Uye zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, iri ndiro “izwi rangu kune vose. Amen.

CHIKAMU 26

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, Oliver Cowdery, naJohn Whitmer, paHarmony, Pennsylvania, Chikunguru 1830 (History of the Church, 1:104). (Ona musoro wenyaya muChikamu 24.)

1, Vanorairwa kuti vadzidze magwaro matsvene nekuparidza;
2, Mutemo wekubvumirana unogashirwa.

TARISAI, ndinoti kwamuri mucharegera nguva yenyu ichiiswa “mukudzidza magwaro matsvene, nomukupari-

8a NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.
9a NKM Akadaidzwa
naMwari;
Muporofita.
^b NKM Huporofita;
Zvakazarurwa.
10a NKM Kuchiva;
Upfumi.

^b NKM Zvemunyika.
^c Eta 12:4.
11a NKM Rwiyo.
12a I Mak. 16:9.
NKM Imba.
^b NKM Mwoyo.
14a NKM Akapfava.
^b NKM Kudada.
15a NKM Ngundu;

Rusimudzirwo.
^b NKM Akarurama.
^c Joh. 7:34.
16a D&Z 1:38.
26 1a NKM Magwaro
matsvene—Kukosha
kwemagwaro
matsvene.

dza, nokusimbisa chechi ^bku-Colesville, uye nomukuita basa renyu munyika sezvinodiwa kudakara maenda kumavirira kunoita muchechi mukuru notevera; ipapo zvichazoziviswa zvamuchaita.

2 Uye zvose zvinhu zvichaitwa “nokubvumirana kwevose muchechi, neminamato yakawanda nerutendo, nokuti zvose zvinhu muchazvigashira nerutendo. Amenii.

CHIKAMU 27

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita paHarmony, Pennsylvania, muna Nyamavhuwohu 1830 (History of the Church, 1:106–108). Mukugadzirira kuitika kwechitendero apo sakaramende yechingwa newaini yaizoropafadzwa, Joseph akaenda kunotora waini. Akasangana nemutumwa wekudenga uye akagashira chakazarurwa chino, chidimbu chacho chakanyorwa panguva iyoyo asi zvakasara zvakazonyorwa muna Gunyana aitevera. Mvura iye zvino ndiyo yave kushandiswa kunze kwewaini panguva yesakaramende muChechi.

1–4, Micherechedzo ichashandiswa pakutora sakaramende inomiswa; 5–14, Kristu nevaranda vake kubva kumikuwo yose vanofanirwa kutora sakaramende; 15–18, Pfekai gandautare rose raMwari.

TEEERERAI kuizwi raJesu Kristu, Ishe venyu, Mwari venyu, neMununuri wenyu, uyo aneshoko “benyu uye rine simba.

2 Nokuti tarisai, ndinoti kwauri, hazvinei kuti muchadyei kana kuti muchanwei kana muchitora “sakaramende, kana zviri zvekuti muri kuzviita neziso rakatarisa bedzi ^bkubwinya kwangu — muchirangarira kuna Baba muviri wangu uyo wakaradzikwa pasi pamusana

penyu, uye “neropa rangu raka-deurirwa ^akuregerera zvitadzo zvenyu.

3 Nokudaro, murairo ndinoupa kwamuri, kuti hamutenge waini kana zvinwiwa zvinodhaka kubva kuvavengi venyu;

4 Nokudaro, hamuinwe kunze kwekunge yagadzirwa iri itsva pakati penyu; hongu, muno muumambo hwaBaba vangu uhwo huchavakwa pano pasi.

5 Tarisai, uhwu ungaru mandiri; nokudaro, musashamiswe, nokuti nguva iri kusvika iyo “yandichanwa nemi zvinobva mumuchero wemudzambiringa panyika, uye ^bnaMoronai, uyo wandakatumira kwamuri kuti aratidze Bhuku raMormoni, rine kuzara kwevhangeri

1b D&Z 24:3; 37:2.

2a I Sam. 8:7;

Mosaya 29:26.

NKM Kubvumirana kwewose.

27 1a Hir. 3:29; D&Z 6:2.

2a NKM Sakaramende.

b NKM Kubwinya.

c NKM Ropa.

d NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

5a Mat. 26:29;

Marko 14:25;

Ruka 22:18.

b Nh—JS 1:30–34.

rangu risingaperi, uyo wanda-
kapa makiyi ezvinyorwa ‘zve-
rukuni rwaEfraimi;

6 Uye “naEria, uyo wandakapa
makiyi anounza kuitika kwe-
kudzorerwa kwezvinhu zvose
pakare zvakataurwa nemuromo
wevaporofita vatsvene vose
kubvira mukutanga kwenyika,
maererano nemazuva ekuguma;

7 Uyewo naJohane mwanako-
mana waZakaria, uyo Zakaria
iye (“Eria) waakashanyira uye
akamupa ruvimbiso kuti achai-
ta mwanakomana, zita rake
richave ^bJohane, uye achave
akazadzwa nemweya waEria;

8 Uyo Johane wandatumira
kwamuri, varanda vangu,
Joseph Smith Mwana, naOliver
Cowdery, kuti ndikugadzei
“hupirisita hwekutanga uhwo
hwamatambira, kuti mugodai-
dzwa ^bnokugadzwa kunyangwe
‘saAroni;

9 Uye nekuna “Erija, uyo
wandakapa makiyi esimba ^bre-
kutendeudzira mwoyo yema-
dzibaba kuvana, nemwoyo
yevana kumadzibaba, kuti pasi
pose pasarohwe nekutukwa;

10 Uye naJosefa naJakobo,

naIsaka, naAbrahama, madzi-
baba enyu, avo vane “zvivimbi-
so zviripo;

11 Uye naMikaeri, kana “Ada-
ma, baba wevose, jinda revose,
Mukweguru wamaZuva;

12 Uye naPetro, naJakobo,
naJohane, avo vandatumira
kwamuri, “vandakugadzai na-
vo nokukusimbisai kuti muve
^bvaapositori, “navapupuri vano-
kosha vezita rangu, nokutaku-
ra makiyi ehushumiri hwenyu
nezvinhu zvimwechetezvo zva-
ndakazarura kwavari;

13 Avo “vandakapa ^bmakiyi
eumambo hwangu, uye ^cnemu-
kuwo “wevhangeri munguva
^cdzekupedzisira; uye ^fnemuku-
zara kwenguva, umu mandi-
chaunganidza ^gpamwechete
muchinhu chimwechete zvose
zvinhu, zvose zviru mudenga,
neizvo zviru panyika;

14 Uyewo neavo vose “vanda-
pihwa naBaba vangu kubva
munyika.

15 Nokudaro, simudzai mwo-
yo yenyu uye mufare, uye
sungira nguwo dzako muchi-
uno, uye mutore pamuri “ga-
ndautare rangu rose, kuti

5c Ezk. 37:16.
NKM Efraimi—
Rukuni rwaEfraimi
kana Josefa.
6a NKM Eria.
7a Ruka 1:17-19.
b Ruka 1:13;
D&Z 84:27-28.
8a D&Z 13:1.
NKM Hupirisita
hwaAroni.
b NKM Gadza.
c Eks. 28:1-3, 41;
D&Z 107:13.
9a I Madz. 17:1-22;

II Madz. 1-2;
D&Z 2:1-3; 110:13-16;
Nh—JS 1:38-39.
NKM Erija; Nhorooondo
yezvizvarwa.
b NKM Nhorooondo
yezvizvarwa.
10a NKM Chibvumirano
chaAbrahama.
11a NKM Adama.
12a Nh—JS 1:72.
NKM Hupirisita
hwaMerkizedeki.
b NKM Muapositori.
c Mabasa 1:8.

13a Mat. 16:19.
b NKM Kiyi
dzeHupirisita.
c NKM Mukuwo.
d NKM Vhangeri.
e Jak. 5:71;
D&Z 43:28-30.
f VaE. 1:9-10;
D&Z 112:30; 124:41.
g D&Z 84:100.
14a Joh. 6:37; 17:9, 11;
3 Ni. 15:24;
D&Z 50:41-42; 84:63.
15a VaR. 15:12;
VaE. 6:11-18.

mugozokwanisa kukurira zuva rakaipa, moita zvose kuti mugozokwanisa ^bkumira.

16 Mirai naizvozvo, ^amakasunga zviuno zvenyu ^bnechokwadi, makapfeka ^cchipfeko chepa chipfuva ^dchekururama, uye tsoka dzenyu dzakashongedzwa nekugadzirira kwevhangeri ^ererunyararo, urwo rwandatumira ^fngirozi dzangu kuti dziise kwamuri;

17 Muchitora nhowo yerute-ndo iyo ichaita kuti mugone

kudzimura yose miseve ^aye-moto yewakaipa.

18 Uye motora heremende yeruponeso, uye nemunondo weMweya wangu, uyo wandichadururira pamuri, uye nezwi rangu iro randichaburitsa kwamuri, uye mubvumirane pamusoro pezvose zvinhu zviri zvipi zvazvo zvamunondikumbira, uye muve makatendeka kudakara ndadzoka, uye ^amuchatorwa, kuti pandiri ^bnemiwo muchavepo. Amenii.

CHIKAMU 28

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, kuna Oliver Cowdery, paFayette, New York, Gunyana 1830 (History of the Church, 109–111). Hiram Page, nhengo yeChechi, aive nerimwe dombo uye achiti anogashira zvakazarurwa nokuyamurwa naro maererano nokuwakwa kweZioni uye nehurongwa hweChechi. Nhengo zhinji dzakanga dzanyengedzwa neizvi, uye kunyangwe Oliver Cowdery akaitiswa zvaisiri izvo mukudaro. Muchechi mukuru usati waitwa, Muporofita akabvunza nemwoyo wake wose kuna Ishe maererano nenyaya iyi, uye chakazarurwa ichi chikabva chapihwa.

1–7, Joseph Smith ane kiyi dzezvakavanzika, uye iye chete ndiye anogashira zvakazarurwa zveChechi; 8–10, Oliver Cowdery achaparidzira kumaRamani; 11–16, Satani akanyengedza Hiram Page uye akamupa zvakazarurwa zve manyepo.

TARISAI, ndinoti kwauri

^a“Oliver, kuti iwe uchanzwi-

kwa nechechi muzvinhu zvose zvipi zvazvo ^bzvauchavadzidzisa ^cneMunyaradzi, maererano nezvakazarurwa uye nemirairo iyo yandapa.

2 Asi tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, ^a“hakuna munhu achaiswa kuti agashire mirairo nezvakazarurwa muchechi ino kunze kwemuranda wangu ^bJoseph

15b Mara. 3:2;
D&Z 87:8.

16a Isa. 11:5.
^b NKM Chokwadi.
^c Isa. 59:17.
^d NKM Akarurama.
^e 2 Ni. 19:6.

^f D&Z 128:19–21.

17a 1 Ni. 15:24;
D&Z 3:8.
18a 1 Ni. 13:37; D&Z 17:8.
^b Joh. 14:3.
28 1a D&Z 20:3.
^b NKM Dzidzisa—

Kudzidzisa
neMweya.

^c NKM Munyaradzi.
2a D&Z 35:17–18; 43:4.
^b 2 Ni. 3:14–20.
NKM Smith, Joseph,
Mwana

Smith, Mwana, nokuti anozvishira kunyangwe saMosesi.

3 Uye uchateerera kuzvinhu zvose zvandichapa kwaari kana ^asaAroni, kuti ataure akatende-ka mirau nezvakazarurwa, nesimba ^bnemvumo kuchechi.

4 Uye kana ukatungamirwa panguva ipi zvayo naMunyaradzi kuti ^autaure kana kudzidzisa, kana panguva dzose nenzira yemurau kuchechi, ungangozviita.

5 Asi usazonyora nenzira yemurairo, asi neungwaru;

6 Uye usazomutuma uyo ari pamusoro pako uye neari pamusoro pechechi;

7 Nokuti ndakamupa ^amakii ^bezvakavandika, nezvakazarurwa izvo zvakazarirwa, kudakara ndavamisira mumwe munzvimbo make.

8 Uye zvino, tarisai ndinoti kwauri uchaenda ^akumaRamani uye wonoparidza ^bvhangeri rangu kwavari, uye sokugashira kwavanenge vachiita kudzidzisa kwako uchaita kuti chechi yangu imiswe pakati pavo uye uchawana zvakazarurwa, asi usazvinyore zviri semurairo.

9 Uye zvino, tarisai, ndinoti kwauri kuti hazvina kuiswa pachena, uye hakuna munhu anoziva kuti ^aguta ^bZioni richavakwa kupi, asi zvichapihwa pano pashure. Tarisai, ndinoti

kwauri richave nekumiganhu yemaRamani.

10 Hauchazobva panzvimbo ino kudakara mushure megungano; muranda wangu Joseph achanzi atungamire muchechi mukuru nezwi rawo, zvaanotaura kwauri izvozvo ndizvo zvauchataura.

11 Zvakare uchatora hama yako, Hiram Page, ^apakati penyuri muri mega, womutaurira kuti zvinhu izvo zvaakanyora kubva padombo riya, hazvisi zvangu nokuti ^bSatani ^cakamunyengedza;

12 Nokuti tarisai, izvi zvinhu hazvina kupiwa kwaari zvakare hakuna chichazopihwa kuna ani zvake wechechi ino icho chinopesana nezvibvumirano zvechechi.

13 Nokuti zvinhu zvose zvinofanira kuitwa nehurongwa, ^ano-kubvumirana mukati mechechi, nomunamato werutendo.

14 Uye uchayamura mukuenzanisa zvinhu zvose izvi, mazererano nezvibvumirano zvechechi, usati watora rwendo rwako pakati pemaRamani.

15 Uye ^azvichapihwa kwauri kubvira panguva yauchaenda, kusvika panguva yauchadzoka, kuti uchaitai.

16 Uye iwe unofanira kuzarura muromo wako panguva dzose, uchitaura vhangeri rangu nekufara. Amenii.

3a NKM Aroni, Mukoma waMosesi.

b NKM Mvumo.

4a Eks. 4:12-16;
D&Z 24:5-6.

7a D&Z 64:5; 84:19.

b NKM Zvakavandika

zvaMwari.

8a 2 Ni. 3:18-22;

D&Z 30:5-6; 32:1-3.

b D&Z 3:19-20.

9a D&Z 57:1-3.

b D&Z 52:42-43.

NKM Zioni.

11a Mat. 18:15.

b Zvaka. 20:10.

c D&Z 43:5-7.

13a NKM Kubvumirana kwewose.

15a 2 Ni. 32:3, 5.

CHIKAMU 29

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paine magosa matanhatu, paFayette. New York, Gunyana 1830 (History of the Church, 1:111-115). Zvakazarurwa izvi zvakapihwa mazuva akati kuti muचेchi mukuru usati waitwa, waitanga musi wa26 Gunyana, gore 1830.

1-8, Kristu anounganidza vakasarudzwa vake, 9-11, Kuuya kwake kunounza Mereniamu; 12-13, VaneGumi neVaviri vachatonga Israeri yose; 14-21, Zviratidzo, zvirwere, nokuparadza kuchatungamira Kuuya kweChipiri; 22-28, Kumuka kuvakafa kwekupedzisira nokutongwa kwekupedzisira mushure meMereniamu; 29-35, Zvoose zvinhu ndezvemweya kuna Ishe; 36-39, Dhiabhorosi nehondo yake vakatandaniswa kudenga kuti vagoyedza munhu; 40-45, Kupunzika neRudzikinuro zvinounza ruponeso; 46-50, Vana vadiki vanoponeswa kuburikidza nerudzikinuro.

TEEERERA kuizwi raJesu Kristu, Mununuri wako, Mukuru ^aNDINI, uyo ane ruoko ^brwetsitsi urwo ^crwakaripira zvitadzo zvenyu;

2 Uyo ^auchaunganidza vanhu vake sehuku inounganidza nhiyo dzayo pasi pamapapiro ayo, ndokunge vazhinji vachiteerera kuzwi rangu uye ^bvago-

zvininipisa pamberi pangu, uye nokundaidza mumunamato wakasimba.

3 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, kuti panguva ino zvitema zvako ^awazviregererwa, naizvozvo uchigashira zvinhu izvi; asi yeuka kuti usazotadza zvakare, kuti matambudziko asazouya pauri.

4 Zvirokwazvo, ndinoti wakasarudzwa kubva munyika kuti utaure vhangeri rangu nezwi rakafara, ^anezwi rinenge hwamanda.

5 Simudzai mwoyo yenyu mufare, nokuti ndiri ^apakati penyu uye ndini ^bmurevereri wenyu kuna baba; uye kuda kwavo kwakanaka kuti vakupe ^cumambo.

6 Uye, sekunyorwa kwazvakaita—Chose zvacho ^achamuchakumbira ^bmurutendo, ^cmakabatana mumunamato maererano nemurairo wangu, muchachigashira.

7 Uye makadaidzwa kuti muunze ^akuunganidzwa kwevangu ^bvakasarudzwa; nokuti

29 1a NKM NDINI INI.

b NKM Anetsitsi.

c NKM Dzikinura.

2a Mat. 23:37;

3 Ni. 10:4-6.

b NKM Akazvininipisa.

3a NKM Regerera.

4a Aruma 29:1-2;

D&Z 19:37; 30:9.

5a Mat. 18:20;

D&Z 6:32; 38:7;

88:62-63.

b NKM Mumiririri.

c NKM Umambo

hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

6a Mat. 21:22;

Joh. 14:13.

b Marko 11:24.

c 3 Ni. 27:1-2;

D&Z 84:1.

7a NKM Israeri—

Kuunganidzwa

kwa Israeri.

b Marko 13:20;

D&Z 84:34.

NKM Vakasarudzwa.

vangu vakasarudzwa ‘vano-
nzwa izwi rangu uye havaome-
se ^dmwoyo yavo;

8 Nokudaro chirevo chakaenda kubva kuna Baba kuti “vachaunganidzwa panzvimbo imwechete pamusoro penyika ino, ^bkugadzira mwoyo yavo uye nokuve vakagadzirira muzvinhu zvose kuitira zuva iro ‘matambudziko uye noku-paradzwa, achatumirwa kune vakaipa.

9 Nokuti nguva yacho yave pedyo, uye nezuva rave pedyo apo nyika ichave yaibva; uye vose avo “vanodada uye neavo vanoita zvakaipa vachaita ^bsezvitsitsi; uye ini ‘ndichavapisa, vanodaro Ishe veHondo, kuti kuipa kusavepo pano pasi;

10 Nokuti nguva yave pedyo, uye icho “chakataurwa nevaa-positori vangu chinofanira kuzadzikiswa; nokuti sokutaura kwavakaita naizvozvo zvino-fanira kuitika.

11 Nokuti ndichazviratidza ndiri kudenga nesimba uye nokubwinya kukuru, “nemhomho yose iriko, togara ^bmukururama nevanhu pano panyika, ‘kwe-

chiuru chemakore, uye avo vakaipa havazomira.

12 Uye zvakare, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, uye zvakaenda nemuchirevo chakasimba, nekuda kwaBaba, kuti “vaapositori vangu pa-Jerusarema, vachamira kurudyi rwangu muzuva iro randichauya ndiri murimi ^bremoto, ndakapfeka nguwo dzekururama, nengundu pamusoro pavo, ‘mukubwinya kana sezvandiri, kana ^dkuzotonga imba yose ya-Israeleri, nevazhinji vakandida nokuchengeta mirau yangu, pasina vamwezve.

13 Nokuti “hwamanda icharira kwenguva refu uye zvine ruzha, kana sepaGomo Sinai, uye yose nyika ichandengendeka, uye ivo ^bvachauya—hongu, kana avo ‘vakafa vari mandiri, kuti vagashire ^dngundu yekururama, uye kuti vapfekedzwe, ‘kunyange sezvandakaita, kuti vaveni, kutitive vamwechete.

14 Asi tarisai, ndinoti kwauri “zuva guru iri risati rauya ^bzuva richasvibiswa, uye mwedzi uchapindurwa ukave ropa, uye nyenyedzi dzichakoromoka

7c Aruma 5:37–41.

d NKM Mwoyo.

8a D&Z 45:64–66; 57:1.

b D&Z 58:6–9; 78:7.

c D&Z 5:19; 43:17–27.

9a 2 Ni. 20:33; 3 Ni. 25:1.

NKM Kudada.

b Nah. 1:10; Mara. 4:1;

1 Ni. 22:15, 23;

Nh—JS 1:37.

c D&Z 45:57; 63:34, 54;

64:24; 88:94;

101:23–25; 133:64.

NKM Pasi—Kusukwa kwepasi pano.

10a NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu Kristu.

11a JS—Mat. 1:37.

b NKM Akarurama.

c NKM Jesu Kristu—

Kutonga paMereniari

kwaKristu;

Mereriamu.

12a NKM Muapositori.

b Isa. 66:15–16;

D&Z 130:7; 133:41.

c NKM Kubwinya; Jesu

Kristu—Kubwinya kwaJesu Kristu.

d Mat. 19:28;

Ruka 22:30; 1 Ni. 12:9;

Morm. 3:18–19.

13a D&Z 43:18; 45:45.

b D&Z 76:50.

c D&Z 88:97; 133:56.

d NKM Ngundu;

Rusimudzirwo.

e D&Z 76:94–95;

84:35–39.

14a NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

b Joere 2:10;

JS—Mat. 1:33.

kubva kudenga, uye kuchave ‘nezviratidzo zvikuru kudenga kumusoro uye nepanyika pasi;

15 Uye kuchave nekuchema “nekuuwura pakati pemhomo yevanhu;

16 Uye kuchave “nechimvuramabwe chikuru chinotumirwa kuzoparadza mbeu dzepasi.

17 Uye zvichaitika kuti, nepamusana pekuipa kwenyika “ndichadzorerwa ^bvakaipa, nokuti havadi kutendeuka; nokuti mukombe wekushatirwa kwangu wazara; nokuti tarisai, ‘ropa rangu harizovachenesa kana vasingandinzwe.

18 Nokudaro, ini Ishe Mwari ndichatumira nhunzi pamusoro penyika, dzichabata vagari vemunyika, uye dzigodya nyama yavo, uye dzigokonzera kuti honye dziuye pavari;

19 Uye ndimi dzavo dzichabatwa kuti “vasataure chimwe chinhu chekundishora; uye nyama yavo ichabva pamapfupa avo, uye maziso avo achabva mumaburi awo;

20 Uye zvichaitika kuti “zvikara zvesango uye neshiri dzemumhepo dzichavadya.

21 Uye zichechi huru “inonya-

ngadza inova ^bnzenza yepasi pose, ichakandwa pasi nemoto ‘unodya, maererano sekutaurwa kwazvinoitwa nemuromo wa Ezekieri muporofita, uyo akataura nezve zvinhu izvi, izvo zvisati zvaitika asi chokwadi ^dzvinotofanirwa, sezvandiri mupenyu, nokuti zvakaipisisa hazvizotonga.

22 Uye zvakare, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri kana “chiuru chemakore chaperera, uye vanhu vakatanga zvakare kuramba Mwari vavo, zvino ndicharegera nyika kwemwaka ^bmudiki;

23 Uye “magumo achauya, denga nenyika zvichapera zvo-bva ^bzvapfuura, uye kuchave nedenga idzva nenyika ‘itsva.

24 Nokuti zvose zvinhu zvakare “zvichapfuura, uye zvose zvinhu zvichave zvitsva, kunyangwe denga nenyika, uye nezvizazikiswa zvose zvirimo, vanhu nemhuka, shiri dzedenga, uye nehove dzegungwa;

25 Uye hakuna “vhudzi rimwe, kana sanga, icharasika, nokuti humhizha hwerwuoko rwangu.

26 Asi tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwauri, nyika isati

14c NKM Zviratidzo zveNguva.

15a Mat. 13:42.

16a Ezk. 38:22;

Zvaka. 11:19; 16:21.

17a Zvaka. 16:7–11;

2 Ni. 30:10;

JS—Mat. 1:53–55.

NKM Kutsividza.

b NKM Akaipa.

c I Joh. 1:7;

Aruma 11:40–41;

D&Z 19:16–18.

19a Zek. 14:12.

20a Isa. 18:6; Ezk. 39:17;

Zvaka. 19:17–18.

21a NKM Dhiabhorosi—

Chechi

radhiabhorosi.

b Zvaka. 19:2.

c Joere 1:19–20; 2:3;

D&Z 97:25–26.

NKM Pasi—Kusukwa

kwepasi pano.

d D&Z 1:38.

22a NKM Mereniamu.

b Zvaka. 20:3;

D&Z 43:30–31;

88:110–111.

23a Mat. 24:14.

NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

b Mat. 24:35;

JS—Mat. 1:35.

c NKM Pasi—Mamiriro

ekupedzisira epasi

pano.

24a Zvaka. 21:1–4.

25a Aruma 40:23.

yapfuura, “Mikaeri, ^bngirozi yangu huru, acharidza ‘hwamanda yake, uye ipapo vose vakafa “vachamuka, nokuti makuva avo achavhurwa uye ‘vachauya—hongu, kunyangwe vose.

27 Uye “vatsvene vachaungana kuruoko rwangu ^brwerudyi kuupenyu hwokusingaperi; uye vakaipa vari kuruoko rwangu rwekuruboshwe ndichanyara kuvaita vangu pamberi paBaba; 28 Nokudaro ndinoti, kwavari—“Ibvai pandiri, imi makatukwa, muende ^bkumoto usingaperi, wakagadzirirwa ‘dhiabhorosi nengirozi dzake.

29 Uye zvino tarisai, ndinoti kwauri, hapana kana nguva ipi zvayo pandakataura nemuromo wangu kuti vachazodzoka, nokuti “pandinenge ndiri ivo havangagone kupauya, nokuti havana simba.

30 Asi rangarira kuti kutonga kwangu kwose hakupihwe kuvanhu; uye sezvo mazwi abva mumuromo mangu kunyangwe saizvozvo achazadzikiswa, kuti “wekutanga achava wekupedzisira, uye kuti wekupedzisira achave wekutanga muzvinhu zvose zvazvo zvandakasika nezwi resimba rangu rinova iro simba reMweya wangu.

31 Nokuti nesimba reMweya wangu “ndakavasika, hongu,

zvose zvinhu ^bmumweya nemunyama.

32 Chekutanga “zvemweya, chepiri zvenyama, kuri iko kutanga kwebasa rangu; uye zvakare, chekutanga zvenyama, chepiri zvemweya, zviriro izvo zvekupedzisira mubasa rangu—

33 Kutaura kwamuri kuti munzwisise sezvamuri, asi kwandiri ini mabasa angu haana “magumo, kana paakatangira; asi zvinopihwa kwamuri kuti munzwisise, nokuti makazvikumbira kwandiri uye makabvumirana.

34 Nokudaro, zvirokwazvo ndinoti kwamuri zvose zvinhu kwandiri ndezvemweya, handina kana imwe nguva yandakambokupai mutemo wakange uri wenyama; kana munhu zvake, kana vana vevanhu, kana Adama, baba venyu, uyo wandakasika.

35 Tarisai, ndakapa kwaari kuti “azvifungire pachake; uye ndakamupa murairo, asi hapana murairo wenyama wandakamupa, nokuti ^bmirairo yangu ndeye mweya; haizi yepazvinhu zvepanyama kana kuti yenyama, kana kuti yezvenyama kana zvinonzwikwa.

36 Uye zvakaitika kuti Adama, ayedzwa nadhiabhorosi—no-

26a NKM Adama; Mikaeri.

b NKM Ngirozi Huru.

c I VaKori. 15:52–55.

d NKM Asingafe;

Kumuka Kuvakafa.

e Joh. 5:28–29.

27a NKM Akarurama.

b Mat. 25:33.

NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

28a Mat. 25:41;

D&Z 29:41.

b D&Z 43:33.

c NKM Dhiabhorosi.

29a Joh. 7:34;

D&Z 76:112.

30a Mat. 19:30;

1 Ni. 13:42.

31a NKM Sika.

b Mos. 3:4–5.

32a NKM Kusikwa

muMweya.

33a Mpi. 111:7–8;

Mos. 1:4.

35a NKM Kuzvisarudzira.

b NKM Mirairo

yaMwari.

kuti, tarisai, “dhiabhorosi aivepo Adama asati avepo, nokuti ^bakandipandukira, achiti ndipei ^ckukudzwa kwenyu, iro riri ^dsimba rangu; uye nechidimbu ^echimwechete pazvitanu ^fzvehomho yekudenga akazviteudeudza kubva kwandiri pamusana pekugona ^gkuzvifungira kwavo;

37 Uye vakakandwa pasi, uye ndiko kuuya kwakaita “dhiabhorosi ^bnengirozi dzake;

38 Uye tarisai, pane nzvimbo yavakagadzirirwa kubva pakutanga, nzvimbo iyoyo iri ^agehena.

39 Uye zvinofanirwa kuti dhiabhorosi ^aayedze vana vevanhu, kana kuti havaizove vanozvifungira pachavo; dai vasina kumbowana ^bzvinovava havai-gona kuziva zvinotapira —

40 Nokudaro, zvakaitika kuti dhiabhorosi akaedza Adama, uye akadya ^amuchero wakarambidzwa uye akatyora murairo, mukudaro akave ^bpasi pezvido zvadhiabhorosi, nokuti akakundwa nemuedzo.

41 Nokudaro, ini Ishe Mwari ndakaita kuti ^aatandirwe kunze

kwebindu ^breEdeni, kuti ^cabve pamberi pangu, pamusana pekutadza kwake, uko kwakaita kuti afe mumweya, iko kuri kufa kwekutanga, kunyangwe kuri kumwechete kunove ^dkufa kwekupedzisira, kuri kwemweya, uko kuchataurwa pane vakaipa apo pandichati; ibvai imi ^emakatukwa.

42 Asi tarisai, ndinoti kwamuri ini Ishe Mwari, ndakapa kuna Adama nekumbeu yake, kuti vasafe ^asekufa kwenyama, kudakara ini Ishe Mwari, ndatumira ^bnngirozi kunotaura kwavari ^crutendeuko uye ^dnerudzikinu-ro kuburikidza nerutendo muzita rewangu Mwanakomana ^eMumwechete Akaberekwa.

43 Uye, ndizvo zvakaita ini Ishe Mwari, ndakatarira munhu mazuva ^aekuyedzwa kwake — kuti nokufa kwake, agogona ^bkuzomutswa ^cmukusafa kuu-penyu ^dhwokusingaperi, kunyangwe avo vose vanodaira;

44 Uye avo vasingatende ^amukuraswa kwokusingaperi; nokuti havagone kudzikinurwa mukupunzika kwavo mumweya nokuti havatendeuke;

36a D&Z 76:25–26;
Mos. 4:1–4.

b NKM Dare rekuDenga.

c NKM Rukudzo.

d Isa. 14:12–14;

D&Z 76:28–29.

e Zvaka. 12:3–4.

f D&Z 38:1; 45:1.

NKM Upenyu

hwenyama husati

hwavapo.

g NKM Kuzvisarudzira.

37a NKM Dhiabhorosi.

b II Pet. 2:4; Jud. 1:6;

Mos. 7:26.

NKM Nngirozi.

38a NKM Gehena.

39a Mos. 4:3–4.

NKM Chiedzo.

b Mos. 6:55.

40a Gen. 3:6; Mos. 4:7–13.

b 2 Ni. 10:24;

Mosaya 16:3–5;

Aruma 5:41–42.

41a NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

b NKM Edeni.

c NKM Rufu,

rweMweya.

d Aruma 40:26.

e D&Z 29:27–28;

76:31–39.

42a 2 Ni. 2:21.

NKM Rufu, rwenyama.

b Aruma 12:28–30.

c NKM Rutendeuko.

d NKM Akanunura.

e Mos. 5:6–8.

43a Aruma 12:24; 42:10.

b NKM Kumuka

Kuvakafa.

c Mos. 1:39.

NKM Asingafe.

d NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

44a D&Z 19:7–12.

NKM Kuraswa.

45 Nokuti vanoda rima pane chiedza, uye “zviito zvavo zvakaipa, uye vanotambira ^bmibairo yavo kune uyo wavanosarudza kuteerera.

46 Asi tarisai, ndinoti kwamuri, “vana vadiki ^bvakadzikunurwa kubva pahwaro hwenyika kuburikidza newangu Mumwechete Akaberekwa;

47 Nokudaro, havakwanise kutadza, nokuti simba harina kupihwa kuna Satani rekuti “ayedze vana vadiki, kudakara vave kukwanisa ^bkuzvidavirira pamberi pangu;

48 Nokuti zvakapihwa kwavari kunyangwe sekuda kwangu, maererano nemafadziro azviondiita, kuti zvinhu zvikuru zvingangodiwa kubva muruoko “rwemadzibaba avo.

49 Uye, zvakare, ndinoti kwamuri, nani zvake ane ruzivo, handina here kumuraira kuti atendeuke?

50 Uye asina “nzwisiso, zvichasarira mandiri kuita maererano sekunyorwa kwazvakaitwa. Uye zvino handichataura zvimwe kwamuri panguva ino. Amenii.

CHIKAMU 30

Zvakazarurwa zvakapihwa nekuna Joseph Smith Muporofita, kuna David Whitmer, Peter Whitmer, Mwana, naJohn Whitmer, paFayette, New York, Gunyana 1830, mushure memuchechi mukuru wemazuva matatu paFayette, asi magosa eChechi asati aparadzana (History of the Church, 1:115–116). Pakutanga chinyorwa chino chakaburitswa sezvakazarurwa zvitatu zvikazobatanidzwa kuita chikamu chimwechete neMuporofita kuitira kunyorwa muna 1835 kweDzidziso neZvibvumirano.

1–4, David Whitmer anotsiurwa pamusana pekutadza kushanda zvine simba; 5–8, Peter Whitmer, Mwana, achaperekedza Oliver Cowdery nebasa kumaRamani; 9–11, John Whitmer anodaidzwa kuti aparidze vhangeri.

TARISAI, ndinoti kwauri “David, kuti ^bwakatyamba munhu uye hauna ^ckuvimba neni pasimba sezvaunofanirwa.

2 Asi pfungwa yako yanga iri muzvinhu “zvenyika kupfuura muzvinhu zvangu, ini Musiki vako, nehushumiri uhwo hwa-wakadaidzirwa; uye hauna kuteerera kuMweya wangu, uye nekune avo vakaiswa pamusoro pako, asi wakanyengerwa neavo vandisina kuraira.

3 Nokudaro unosiiwa kuti uzvitsvakire wega kubva muruoko rwangu, uye “ugofungi-

45a Joh. 3:18–20;
D&Z 93:31–32.
b Mosaya 2:32–33;
Aruma 3:26–27;
5:41–42; 30:60.
46a Moro. 8:8, 12;
D&Z 93:38.

NKM Vana.
b D&Z 74:7.
NKM Akanunura.
47a NKM Chiedzo.
b NKM Kudavira.
48a D&Z 68:25.
50a D&Z 137:7–10.

NKM Kunzwisisa.
30 1a NKM Whitmer,
David.
b Mabasa 5:29.
c II Mak. 16:7–9.
2a D&Z 25:10.
3a NKM Fungisisa.

sisa pamusoro pezvinhu zva-watambira.

4 Uye musha wako uchave kumba kwababa vako, kudakara ndakupa mimwe mirairo. Uye uchabatsira “muhushumiri muchechi, uye nepamberi penyika, uye nemumatunhu akatenderedza. Amen.

5 Tarisai, ndinoti kwauri, “Peter, uchatora ^brwendo rwako nehama yako Oliver; nokuti ‘nguva yasvika zvekuti zvinofanira kwandiri kuti uchashama muromo wako kuparidza vhangeri rangu; naizvozvo usatye, asi ^dteerera kumazwi nekuraira kwehama yako, uko kwaachakupa.

6 Uye utambudzike mukutamudzika kwake kwose, uchigara uchisimudzira mwoyo wako kwandiri nemunamato nemurutendo, kuitira kununurwa kwake nekwako, nokuti ndamupa simba rekuti avake “chechi yangu pakati ^bpema-Ramani;

7 Uye hakuna wandakamisa

kuve murairi wake ari “pamusoro pake muchechi, maerera-no nenyaya dzemuchechi, kunze kwekunge ari hama yake, Joseph Smith, Mwana.

8 Nokudaro, teerera kuzvinhu izvi uye ushingaite mukuchengeta mirairo yangu, uye ucharopafadzwa kuupenyu hwokusingaperi. Amen.

9 Tarisai, ndinoti kwauri, iwe muranda wangu John, kuti uchatanga kubvira zvino “kupa-ridza vhangeri rangu, ^bnezwi rinenge hwamanda.

10 Uye basa rako richave kwehama yako Philip Burroughs, uye nemudunhu iroro, hongu, pose paunganzwikwe, dakara ndakuraira kuti ubvepo.

11 Uye kushanda kwako kose kuchave muZioni, nemweya wako wose, kubvira zvino, hongu, uchagara uchishama muromo wako muchinangwa changu, “usingatye zvinoitwa ^bnemunhu nokuti ini ‘ndinewe. Amen.

CHIKAMU 31

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, kuna Thomas B. Marsh, Gunyana 1830 (History of the Church, 1:115–117). Chitiiko chainge chichangotevedza gungano reChechi (ona musoro wenyaya muchikamu 30). Thomas B. Marsh akange abhabhatidzwa mukutanga kwemwedzi akange agadzwa sagosa muChechi zvakarurwa zvino zvaisati zvapihwa.

4a NKM Mushumiri;
Rubatsiro.

5a NKM Whitmer, Peter,
Mwana.

b D&Z 32:1–3.

c D&Z 11:15.

d NKM Rairo; Kutsigira
Vatungamiri

veChechi.

6a NKM Chechi yaJesu
Kristu yaVatendi
vaMazuva
Ekupedzisira.

b D&Z 3:20; 49:24.

NKM MaRamani.

7a D&Z 20:2–3.

9a D&Z 15:6.

b D&Z 33:2.

11a NKM Hushinga;
Kutya.

b Isa. 51:7.

c Mat. 28:19–20.

1-6, *Thomas B. Marsh anodaidzwa kuti aparidze vhangeri anovimbiswa pamusoro pekuchengeteka kwe-mhuri yake; 7-13, Anorairwa kuti avenomwoyo murefu, anamate nguva dzose, uye atevere Mweya Munyaradzi.*

THOMAS, mwanakomana wangu, iwe wakaropafadzwa pamusana perutendo rwako mubasa rangu.

2 Tarisai, wakawana matambudziko mazhinji pamusana pemhuri yako; zvisinei, ndichakuropafadza iwe nemhuri yako, hongu, vadiki vako; uye zuva ririkuuya iro kuti vachatenda nokuziva chokwadi nekuve pamwechete newe muchechi yangu.

3 Simudza mwoyo wako ufare, nokuti nguva yebasa rako yasvika; nerurimi rwako rwuchasunungurwa, ugoparidza mashoko ^aerufaro rukuru kuchizvarwa chino.

4 ^aUchataura zvinhu zvakaraidzwa kumuranda wangu Joseph Smith, Mwana. Uchata-nga kuparidza kubvira pane ino nguva zvichienda mberi, hongu, kukohwa mumunda ^bwachena kare wave kuda kupiswa.

5 Nokudaro, ^aisa jeko rako nemwoyo wako wose, uye zvitadzo zvako ^bwazviregererwa,

uye uchatakudzwa ^cmasvinga kumusana kwako, nokuti ^amu-shandi akakodzera mubairo wake. Naizvozvo mhuri yako ichararama.

6 Tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwauri, ibva kwavari kwenguva diki, utaure izwi rangu, ndichavagadzirira nzvimbo yavo.

7 Hongu, ^andichazarura mwoyo yevanhu, naivo vachakutambira. Ndichamisa chechi neruoko rwako;

8 ^aUchavasimbisa uye ugovagadzirira kuitira nguva yava-chaunganidzwa.

9 Ita ^amwoyo murefu ^bmumatambudziko ako, usazvidze avo vanozvidza. Tonga ^cimba yako muhunyoro, uye urambe wakasimba.

10 Tarisai, ndinoti kwauri uchave chiremba kuchechi, asi kwete kunyika, nokuti havakutambire.

11 Enda nzira yako ipi zvayo yandinenge ndada, uye zvichapihwa kwauri ^aneMweya Munyaradzi zvauchafanira kuita nekwauchaenda.

12 ^aNamata nguva dzose, potse ungangopinda ^bmukuyedzwa uye ugozorasikirwa nemubairo wako.

13 Iva ^awakatendeka kusvika kumagumo, uye tarisa, ini ^bndinewe. Aya haasi mazwi

31 1a NKM Marsh, Thomas B.

3a Isa. 52:7; Ruka 2:10-11; Mosaya 3:3-5.

4a Mosaya 18:19; D&Z 42:12; 52:36.

b D&Z 4:4-6.

5a Zvaka. 14:15.

b NKM Regerera.

c D&Z 79:3.

d Ruka 10:3-11; D&Z 75:24.

7a NKM Kupinduka.

8a D&Z 81:5; 108:7.

9a NKM Mwoyo Murefu.

b NKM Matambudziko.

c NKM Mhuri—

Mabasa evabereki.

11a NKM Munyaradzi; Mweya Mutsvene.

12a 3 Ni. 18:17-21.

NKM Munamoto.

b NKM Chiedzo.

13a NKM Tsungirira.

b Mat. 28:20.

emunhu kana evanhu, asi nde-
angu, kunyangwe Jesu Kristu,

Mununuri wako, ‘nekuda kwa-
Baba. Amen.

CHIKAMU 32

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Parley P. Pratt naZiba Peterson, Gumiguru 1830 (History of the Church, 118–120). Kufara kukuru nechido zvakanzwika namagosa pamusoro pemaRamani, avo vane maropafadzo akafanotaurwa pamusoro pavo akanga adzidzwa nezvawo neChechi kubva mubhuku raMormoni. Naizvozvo, munamato wakaitwa kuti Ishe varatidze kuda kwavo kuti magosa angatumirwe here panguva iyoyo kumarudzi emaIndia vari kuMadokero. Chakazarurwa ichi chakatevera.

1–3, *Parley P. Pratt naZiba Peterson vanodaidzwa kuti vaparidze kumaRamani uye nokuperekedza Oliver Cowdery naPeter Whitmer, Mwana; 4–5, Vanofanira kunamatira nzwisiso yemagwaro matsvene.*

UYE zvino pamusoro pemuranda wangu ^aParley P. Pratt, tarisai, ndinoti kwaari sezvo ndiri mupenyu ndinoda kuti azoparidza vhangeri rangu uye ^bnokudzidza nezvangu, uye ave wakazvirereka, uye aine-mwoyo munyoro.

2 Uye icho chandakapa kwari ndechekuti ^aachaenda nevaranda vangu, Oliver Cowdery

naPeter Whitmer, Mwana, murenje mukati ^bmemaRamani.

3 Uyewo ^aZiba Peterson achanda navo; uye ini pachangu ndichaenda navo ndigove ^bpakati pavo; uye ndini ^cmurevereri wavo kuna Baba, hakuna chichazovakunda.

4 ^aVachateerera kune icho chakanyorwa, vasingazoteedza zvimwe ^bzvakazarurwa; uye vachanamata nguva dzose kuti ^cndigovazarurira zvimwechetezvo kuti ^dvazvinzwisise.

5 Vachateerera kumazwi aya uye vasingaite zvekutambaneni, uye neni ndichavaropafadza. Amen.

CHIKAMU 33

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Ezra Thayre naNorthrop Sweet, paFayette, New York, Gumiguru 1830 (History of the Church, 1:126–127). Mukunyora zvakazarurwa

13c NKM Jesu Kristu—
Mvumo.

32 1a NKM Pratt, Parley
Parker.

^b Mat. 11:28–30.

2a D&Z 28:8; 30:5.

^b D&Z 3:18–20.

3a D&Z 58:60.

^b Mat. 18:20;

D&Z 6:32; 38:7.

^c NKM Mumiririri.

4a 1 Ni. 15:25;

D&Z 84:43–44.

^b D&Z 28:2.

^c Nh—JS 1:74.

^d NKM Kunzwisisa.

izvi, Muporofita akatsinhira kuti “Ishe vanogara vakagadzirira kudzidzisa avo vanotsvaka nesimba murutendo” (History of the Church, 1:126).

1-4, *Vashandi vanodaidzwa kuti vaparidze vhangeri munguva yekupedzisira*; 5-6, *Chechi rinomiswa, uye avo vakasarudzwa vachaunganidzwa*; 7-10, *Tendeukai, nokuti umambo hwekudenga hwave pedyo*; 11-15, *Chechi rinovakwa padombo revhangeri*; 16-18, *Gadzirirai kuuya kweChikomba*.

TARISAI, ndinoti kwamuri, varanda vangu Ezra na-Northrop, vhurai nzeve dzenyu uye muteerere kuizwi raIshe Mwari venyu, uyo “aneshoko benyu rizere nesimba, rinopinza kupfuura munondo unocheka nekwose, nekupatsanura nhe-nge nemwongo, munhu nemweya; uye muoni wepfungwa ^bnezvinangwa zvemwoyo.

2 Nokuti zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri makadaidzwa kuti musimudzire mazwi enyu “seruzha rwehwa-manda, kuti mutaure vhangeri rangu kuchizvarwa chakakombama uye chakatsauka.

3 Nokuti tarisai, “munda wachena wave kuda kukohwe-wa; uye yave nguva ^byekupe-dzisira, uye ndiyo nguva yandichadaidza vashandi ‘ke-

kupedzisira, mumunda wemi-zambiringa yangu.

4 Uye munda “wemizambiri-nga ^braoreswa rose zvaro; uye hapana kana mumwechete ari kuita ‘zvakanaka kunze kwe-vashoma-shoma; uye “vanoka-nganisa nguva zhinji pamusana ‘pehupirisita hwenhema, vose vaine pfungwa dzakaora.

5 Uye zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri kuti “chechi ino ^bndakarimisa uye ndikaridaidza kubva murenje.

6 Uye kunyangwe saizvozvo “ndichaunganidza vakasarudzwa vangu kubva kumativi ^bmana enyika, kunyangwe vose vazhinji vanotenda mandiri, uye vachiteerera kuizwi rangu.

7 Hongu, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, munda wachena wave kuda kukohwewa; nokudaro pinzai majeko enyu, uye mukohwe nekugwinya kwenyu kwose, nepfungwa, uye nesimba.

8 “Vhurai miromo yenyu uye ichazadzwa, uye muchave kunyangwe ^bsaNifai wakare, uyo akafamba kubva Jerusarema murenje.

9 Hongu, vhurai miromo

33 1a VaH. 4:12;
Hir. 3:29-30.
b Aruma 18:32;
D&Z 6:16.

2a Isa. 58:1.

3a Joh. 4:35;
D&Z 4:4; 12:3; 14:3.

b Mat. 20:1-16.

c Jak. 5:71; D&Z 43:28.

4a NKM Munda

wemizambiringa waIshe.

b 2 Ni. 28:2-14;
Morm. 8:28-41.

c VaR. 3:12; D&Z 35:12.

d 2 Ni. 28:14.

e NKM Unyengeri hwepupirisita.

5a NKM Chechi yaJesu Kristu yaVatendi

vaMazuva Ekupedzisira.

b NKM Kudzororwa pakare kweVhangeri.

6a NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa Israeri.

b 1 Ni. 19:15-17.

8a D&Z 88:81.

b 2 Ni. 1:26-28.

yenyu, uye musazorega, mu-chatakudzwa “masvinga pami-sana yenyu, nokuti tarisai, ini ndinemi.

10 Hongu, vhurai miromo yenyu uye ichazadzwa, muchiti; Tendeukai, “tendeukai, uye mugadzirire imi nzira yaIshe, uye mutwasanudze nzira dzavo; nokuti umambo hwekude-nga hwave pedyo;

11 Hongu, tendeukai uye “mugobhabhatidzwa, mumwe nemumwe wenyu, kuti muregererwe zvitadzo zvenyu; hongu, bhabhatidzwai kunyangwe nemvura, uye kozouya rubhabhatidzo rwemoto nerweMweya Mutsvene.

12 Tarisai, zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, iri “ivhangeri rangu; uye rangarirai kuti vachave nerutendo mandiri kana kuti havazokwanisa zvachose kuponeswa;

13 Uye “padombo iri ndichavaka chechi yangu; hongu,

padombo iri makavakwa, uye mukaramba makadaro, ^bmasuwo egehena haangakukundei.

14 Uye mucharangerira “misi-mboti yechechi nezvibvumirano kuti muzvichengete.

15 Ani zvake ane rutendo “muchamusimbisa muchechi yangu, nekumugadza ^bmaoko, uye ndichaisa ^cchipo cheMweya Mutsvene paari.

16 Uye Bhuku raMormoni uye “nemagwaro matsvene anopihwa neni kuti ^bmurairwe; nesimba reMweya wangu ^crinotunha zvinhu zvose.

17 Nokudaro, ivai makatende-ka, muchinamata nguva dzose, muine mwenje yenyu izere uye ichibvira, uye muine mafuta kuti muve makagadzirira pa-kuuya “kweChikomba.

18 Nokuti tarisai, zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, kuti “ndinouya nokukurumidza. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 34

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Orson Pratt, paFayette, New York, 4 Mbudzi 1830 (History of the Church, 1:127–128). Hama Pratt aive nemakore gumi nemapfumbamwe ekuzvarwa, panguva iyoyo. Akanga akapindutswa uye akabhabhatidzwa paakatanga kunzwa kuparidzwa kwevhangeri rakadzorerwa nemukoma wake Parley P. Pratt masvondo matanhatu akanga apfuura. Chakazarurwa ichi chakagashirirwa mumba maPeter Whitmer, Baba.

9a Mpi. 126:6;
Aruma 26:3–5;
D&Z 75:5.

10a Mat. 3:1–3.

11a NKM Bhabhatidza.

12a 3 Ni. 27:13–22.

13a NKM Ibwe.

^b Mat. 16:16–19;
D&Z 10:69–70.

14a Zvinonongedza
kuchikamu 20–22,
D&Z 42:13.

15a D&Z 20:41.

^b NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.

^c NKM Chipo
cheMweya Mutsvene.

16a NKM Magwaro

matsvene.

^b II Tim. 3:16.

^c Joh. 6:63.

17a Mat. 25:1–13.

NKM Chikomba.

18a Zvaka. 22:20.

NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

1-4, *Vanotendeuka vanove vanakomana vaMwari kuburikidza neRudzikiniro*; 5-9, *Kuparidzwa kwevhangeri kunofanogadzira nzira yeKuuya kweChipiri*; 10-12, *Kuporofita kunouya nesimba reMweya Mutsvene*.

MWANAKOMANA wangu ^aOrson, teerera uye unzwe uye uone izvo ini Ishe Mwari zvandichataura kwauri, kunyangwe Jesu Kristu Mununuri wako;

2 ^aChiedza neupenyu hwenyika, chiedza chinopenya murima uye rima harichinzwisise;

3 Uyo ^aakada nyika zvekuti ^bakapira upenyu hwake, kuti vazhinji vachatenda vangazove vanakomana vaMwari. Nokudaro iwe uri mwanakomana wangu;

4 Uye iwe ^awakaropafadzwa pamusana pekuti wakadaira;

5 Uye iwe wakaropafadzwa zvakare nokuti ^awakadaidzwa neni kuti uparidze vhangeri rangu—

6 Kuti usimudze izwi rako neruzha serwe hwamanda, zvose kwenguva refu uye nokudaidzira, uye ^augodaidzira kutendeu-

ka kuchizvarwa chakakombama chakarasika, mukugadzirira nzira yaIshe ^byekuuya kwavo kwechipiri.

7 Nokuti tarisai, zvirokwa-zvo, zvirokwa-zvo, ndinoti kwauri, “nguva zvino yavepedyo yekuti ndichiuya ndiri ^bmu-gore nesimba nokubwinya kukuru.

8 Uye richave zuva ^aguru panguva yekuuya kwangu nokuti marudzi ose ^bachadedera.

9 Asi risati rauya zuva guru iroro, zuva richadzimwa, uye mwedzi wosandurwa kuve ropa; nenyenyedzi dzicharamba kupenya kwadzo, nedzimwe dzichadonha, nekuparadzwa kukuru kwakamirira vakaipa.

10 Nokudaro, simudza izwi rako uye ^ausanyarare, nokuti Ishe Mwari vataura; naizvozvo porofita, uye zvichapihwa ^bnesimba reMweya Mutsvene.

11 Uye kana wakatendeka, tarisai, ndinewe kudakara nda-uya—

12 Uye zvirokwa-zvo, zvirokwa-zvo, ndinoti kwauri, ndinouya nokukurumidza. Ndini Ishe vako neMununuri wako. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

34 1a NKM Pratt, Orson.

2a Joh. 1:1-5.

NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

3a Joh. 3:16; 15:13.

NKM Rudo.

b NKM Mununuri.

NKM Dzikinura;
Akanunura.

c Joh. 1:9-12;

VaR. 8:14, 16-17;

Mos. 6:64-68.

NKM Vanakomana
neVanasikana
vaMwari.

4a Joh. 20:29.

5a NKM Akadaidzwa
naMwari.

6a D&Z 6:9.

b NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

7a Zvaka. 1:3.

b Ruka 21:27.

8a Joere 2:11;

Mara. 4:5;
D&Z 43:17-26.

NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

b Isa. 64:2.

10a Isa. 58:1.

b II Pet. 1:21.

CHIKAMU 35

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita na Sidney Rigdon pa kana pedyo ne Fayette, New York muna Zvita 1830 (History of the Church, 1:128-131). Panguva iyi, Muporofita akanga akabatikana zvingangove mazuva ose mukududzira Bhaibheri. Kududzira uku kwakatangwa muna Chikumi 1830, uye vose Oliver Cowdery na John Whitmer vakanga vashanda sevanyori. Sezvo zvino vakanga vadaidzwa kune mamwe mabasa, Sidney Rigdon akadaidzwa nokusarudzwa kutsvene kuti ashande semunyori weMuporofita mubasa iri (ona vhesi 20). Sechisumo kuzvinyorwa zvake zvechakazarurwa chino, Muporofita akanyora: "Muna Zvita Sidney Rigdon akauya [kubva kuOhio] kuzobvunza kuna Ishe, uye akauya na Edward Partridge... Chinguva chipfupi kubva mukusvika kwehama mbiri idzi, ndipo pakataura Ishe" (History of the Church, 1:128).

1-2, Vanhu vangavesei vana vaMwari; 3-7, Sidney Rigdon anodaidzwa kuti abhabhatidze uye nekupa Mweya Mutsvene; 8-12, Zviratidzo nezvishamiso zvinounzwa nerutendo; 13-16, Varanda vaIshe vachapura marudzi nesimba reMweya; 17-19, Joseph Smith ane makiyi ezvakavanzika, 20-21, Vakasarudzwa vachamirira zuva rekuuya kwaIshe; 22-27, Israeri ichaponeswa.

TEEERERAI kuizwi "raIshe Mwari venyu, kana ^bArfa naOmega, kutanga nekupedzi-sira, uyo ane ^cnzira yake yokusingaperi inogara yakadaro, ^dmumwechete nhasi sazero, uye nokusingaperi.

2 Ndini Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ^aakarovererwa

pamusana pezvitadzo zvenyika kunyangwe avo vose ^bvachatenda muzita rangu, kuti vave ^cvanakomana vaMwari, kunyangwe ^dmumwechete ari mandiri sezvo ini ndiri ^emumwechete munaBaba, sezvo Baba vari mumwechete mandiri, kuti tive vamwechete.

3 Tarisai, zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kumuranda wangu Sidney, ndakutarisa uye nebasa rako. Ndanzwa minamoto yako, uye ndikakugadzirira basa rakakurisisa.

4 Wakaropafadzwa, nokuti uchaita zvinhu zvikuru. Tarisai iwe wakatimirwa, kunyangwe ^asaJohane, kugadzira nzira mberi kwangu, uye nemberi ^bkwariya uyo anofanira kuuya, uye iwe wanga usingazvize.

35 1a NKM Ishe.

b Zvaka. 1:8.

NKM Arfa naOmega.

c 1 Ni. 10:19; D&Z 3:2.

d VaH. 13:8;

D&Z 38:1-4; 39:1-3.

2a NKM Kuroverwa.

b D&Z 20:25; 45:5, 8.

c NKM Vanakomana neVanasikana vaMwari.

d Joh. 17:20-23.

NKM Kubatana.

e NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

4a Mara. 3:1;

Mat. 11:10;

1 Ni. 11:27;

D&Z 84:27-28.

b 3 Ni. 25:5-6;

D&Z 2:1; 110:13-15.

5 Wakabhabhatidza nemvura mukutendeuka, asi havana “kugashira Mweya Mutsvene;

6 Asi zvino ndinopa kwauri murairo, kuti “uchabhabhatidza nemvura, uye vachagashira ^bMweya Mutsvene nekuiswa “maoko, kunyangwe sevaapositori vekare.

7 Uye zvichaitika kuti kuchave nebasa guru munyika, kunyangwe pakati “pemaJentairi, nokuti hurema hwavo nekunyangadza kwavo kuchaiswa pachena mumaziso avanhu vose.

8 Nokuti ndiri Mwari, uye ruoko rwangu haruna “kupfupiswa; uye ndicharatidza ^bzvishamiso, “zviratidzo nezvishamiso kune vose avo ^dvanotenda muzita rangu.

9 Uye ani zvake achakumbira muzita rangu “murutendo, ^bvachabvisa “dhiabhorosi; ^dvacharapa vanorwara; vachaita kuti mapofu atambire kuona kwawo, uye matsi kuti dzinzwe, uye mbeveve kuti dzitaure, vakaremara kuti vafambe.

10 Uye nguva iri kusvika nokukurumidza yekuti zvinhu zvikuru zviratidzwe kuvana vevanhu;

11 Asi “pasina rutendo hapa-

na chinoratidzwa kunze ^bkwekuperadzwa pamusoro “peBabironi, imwecheteyo iyo yakaita kuti ose marudzi anwe waini yehasha ^ddzeupombwe hwayo.

12 Uye “hakuna mumwechete ari kuita zvakanaka kunze kweavo vagadzirira kutambira kuzara kwevhangeri rangu, iro randakatumba kuchizvarwa chino.

13 Nokudaro, ndinodaidza “vasina kusimba venyika, avo ^bvasina kudzidza uye vanoshorwa, kuti vapure marudzi nesimba reMweya wangu.

14 Uye ruoko rwavo rwuchave ruoko rwangu, uye ndichave “nhowo yavo nechikopeso chavo; uye ndichasunga zviuno zvavo, uye vacharwa pachirume kuitira ini, uye ^bvavengi vavo vachave pasi petsoka dzavo; uye “ndicharegerera munondo kuitira ivo ^dnemoto wehasha dzangu ndichavadzivirira.

15 Uye “varombo ^bnevakazvirerereka vachave nevhangeri richiparidzirwa kwavari, uye vachange “vachitarisira kunguva yekuuya kwangu, nokuti yave ^dpedyo—

5a Mabasa 19:1-6.
6a NKM Bhabhatidza.
b NKM ChipocheweMweya Mutsvene.
c NKM Maoko, Kugadzwa kwe.
7a NKM Majentairi.
8a Isa. 50:2; 59:1.
b NKM Chishamiso.
c NKM Chiratidzo.
d NKM Daira.
9a NKM Rutendo.

b Marko 16:17.
c Marko 1:21-45.
d NKM Kurapa.
11a D&Z 63:11-12.
b D&Z 5:19-20.
c NKM Baberi, Babironi.
d Zvaka. 18:2-4.
12a VaR. 3:10-12; D&Z 33:4; 38:10-11; 84:49.
13a I VaKori. 1:27; D&Z 1:19-23; 124:1.

b Mabasa 4:13.
14a II Sam. 22:2-3.
b D&Z 98:34-38.
c D&Z 1:13-14.
d D&Z 128:24.
15a Mat. 11:5.
b NKM Akapfava.
c II Pet. 3:10-13; D&Z 39:23; 45:39; Mos. 7:62.
d D&Z 63:53.

16 Uye vachadzidza rungano rwemufananidzo wemuti “wemukuyu, nokuti kunyangwe iye zvino zhizha rave pedyo.

17 Uye ndatumira “kuzara kwevhangeri rangu neruoko rwemuranda wangu ^bJoseph; uye mukusasimba ndakamuro-pafadza iye;

18 Uye ndapa kwaari “makiyi ezvakavandika zvezvinhu izvo ^bzvazakarirwa, kunyangwe zvinhu zvakanga zviripo kubvira ‘pahwaro hwenyika, nezvinhu zvichauya kubvira panguva ino kusvika panguva yekuuya kwangu, kana akararama mandiri, uye kana zvisina kudaro, ndichadyara mumwe panzvimbo yake.

19 Nokudaro, mutarise kuti kutenda kwake kusakundikane, uye zvichapihwa “neMunyaradzi, Mweya ^bMutsvene, uyo unoziva zvose zvinhu.

20 Uye murairo ndinopa kwauri—kuti iwe “uchamunyorera; uye magwaro matsvene achapihwa, kunyangwe sezvakaita muchipfuva changu, kuitira kuponeswa ^bkwevakasarudzwa vangu.

21 Nokuti vachanzwa “izwi rangu, uye vagondiona, uye havazokotsira, uye ^bvachamirira zuva ‘rekuuya kwangu, nokuti vachacheneswa, kunyangwe “sekuchena kwandakaita ini.

22 Uye zvino ndinoti “kwaari, gara naye, uye achafamba newe; usamusiye kwete, uye chokwadi zvinhu izvi zvichazadzikiswa.

23 Uye “sezvo usingazonzora, tarisai, zvichapihwa kwaari kuti aporofite; uye iwe uchaparidza vhangeri rangu uye uchadaidzira ^bkuvaporofita matsvene vakare kuti vatsigire mazwi ake, semapirwo zvichange zvachitwa kwaari.

24 “Chengeta yose mirairo nezvibvumirano zvamakasingwa nazvo; uye ndichaita kuti matenga ^bazunguzikire iwe mukukunakirai, uye, “Satani achadedera uye Zioni ^dichafara pamusoro pezvikomo uye nokubudirira;

25 Uye “Israeri ^bachaponeswa munguva yangu ini; uye ‘nema-kiyi ayo andapa vachatungamirwa, uye vasingazokundwa.

26 Simudzai mwoyo yenyu

16a Mat. 24:32;
D&Z 45:36–38;
JS—Mat. 1:38.
NKM Zviratidzo
zveNguva.

17a D&Z 42:12.
b D&Z 135:3.

18a D&Z 84:19.
b Dan. 12:9; Mat. 13:35;
2 Ni. 27:10–11;
Eta 4:4–7; Nh—JS 1:65.
c D&Z 128:18.

19a Joh. 14:16, 26; 15:26.
NKM Munyaradzi.
b NKM Mweya
Mutsvene.

20a Muporofita panguva
iyi akanga ari
mubishi rekududzira
Bhaibheri, panove
pakadaidzwa Sidney
Rigdon semunyorori.
b NKM Vakasarudzwa.

21a Joere 2:11;
D&Z 43:17–25; 88:90;
133:50–51.

b Mara. 3:2–3.
c NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

d NKM Chakachena.
22a D&Z 100:9–11.

23a NEMAMWE MAZWI
pose paive Sidney
Rigdon asina basa
rokunyorora.

b NEMAMWE MAZWI
magwaro matsvene.

24a D&Z 103:7.

b D&Z 21:6.
c 1 Ni. 22:26.
d NKM Rufaro.

25a NKM Israeri.
b Isa. 45:17;
1 Ni. 19:15–16; 22:12.

c NKM Kiyi
dzeHupirisita.

uye mufare, “kununurwa kwe-nyu kwave kusvika pedyo.
27 Musatye, imi kadanga kemakwai, “umambo ndehwenyu

kudakara ndauya. Tarisai, ndinouya ^bnekukurumidza. Kunyangwe saizvozvo. Ameni.

CHIKAMU 36

Zvakazarurwa zvakapiwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Edward Partridge, pedyo neFayette, New York, Zvita 1830 (History of the Church, 1:131). (Ona musoro wenyaya muchikamu 35). Muporofita akati Edward Partridge “akanga ari chiratidzo chehunamati, uye ari mumwe wevanhurume vakuru vaIshe” (History of the Church, 1:128).

1–3, *Ishe vanoisa ruoko rwavo pamusoro paEdward Partridge neruoko rwaSidney Rigdon; 4–8, wose munhu anotambira vhangeri uye nehupirisita anodaidzwa kuti aende kunoparidza.*

VANODARO Ishe Mwari, “Samasimba weIsraeri: Tarisai, ndinoti kwauri, muranda wangu ^bEdward, kuti wakaropafadzwa uye zvitadzo zvako vazviregererwa uye wadaidzwa kuti uparidze vhangeri rangu nezwi serehwamanda:

2 Uye ndichaisa “ruoko rwangu pauri neruoko rwemuranda wangu Sidney Rigdon, uye uchagashira Mweya wangu, Mweya Mutsvene, kunyangwe ^bMunyaradzi, uyo achakudzidzisa zvinhu ^czverunyararo zveumambo;

3 Uye uchazvitauro nezwi guru, uchiti: Hosana ngaripafadzwe zita raMwari wekumusoro-soro.

4 Uye zvino kudaidzwa uku nemurairo uyu ndinopa kwauri maererano nevanhu vose—

5 Kuti avo vose vachauya pamberi pevaranda vangu Sidney Rigdon naJoseph Smith, Mwana, vachimbundira kudaidzwa uku nemurairo, uyu ^avachagadzwa uye vagotumirwa ^bkunoparidza vhangeri risingaperi mukati memarudzi—

6 Daidzirai rutendeuko, muchiti: “Zviponesei imi pachenyu kubva kuchizvarwa chino chisina chinangwa, muuye mubude mumoto, muchivenga kunyangwe ^bnenguwo yakasvibiswa nenyama.

7 Uye murairo uyu uchapihwa kumagosa echechi, kuti wose munhu uyo achambundira ichi nemwoyo mumwechete anogona kugadzwa achitumwa, kunyangwe sezvandataura.

8 Ndini Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari; nokudaro, su-

26a Ruka 21:28.
27a NKM Umambo hwaMwari kana Umambo hweKudenga.
b Zvaka. 22:20.
36 1a NKM Jesu Kristu;

Jehova.
b D&Z 41:9–11.
2a NKM Maoko, Kugadzwa kwe.
b NKM Munyaradzi; Mweya Mutsvene.
c D&Z 42:61.

5a D&Z 63:57.
NKM Gadza.
b NKM Paridza.
6a Mabasa 2:40.
b Jud. 1:23.

ngira nguwo dzako muchiuo
uye ndichangoyerekana ndauya

“kutemberi yangu. Kunyangwe
saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 37

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita naSidney Rigdon, pedyo neFayette, New York, Zvita 1830 (History of the Church, 1:139). Muno ndimo muri kupihwa murairo wekutanga unotaura nezvekuunganidzwa pamukutwo uno.

1-4, *Vatendi vanodaizwa kuti
vaungane paOhio.*

TARISAI, ndinoti kwamuri
kuti hazvina kunaka
kwandiri kuti murambe “mu-
chidudzira kudakara maenda
kuOhio, uye izvi zvichikonze-
rwa nemuvengi uye pamusana
penyu.

2 Uye zvakare, ndinoti kwa-
muri, hamufanirwe kuenda
kudakara maparidza vhangeri
rangu munzvimbo idzo, uye
masimbisa chechi uko kwose

kwarinowanikwa, uye kunya-
nya “muColesville; nokuti,
tarisai, vanonamata kwandiri
murutendo rwukuru.

3 Uye zvakare, murairo wandi-
nopa kuchechi, kuti zvakanaka
kwandiri kuti vanofanira kuu-
ngana pamwechete “paOhio,
kuitira nguva muranda wangu
Oliver Cowdery achadzoka
kwavari.

4 Tarisai, heuno ungaru, uye
regai wose munhu “azvisaru-
dzire kusvika pandinouya.
Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 38

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith, Muporofita, paFayette, New York, musi wa2 Ndira 1831 (History of the Church, 1:140-143). Raive zuva regungano reChechi.

1-6, *Kristu akasika zvoze zvinhu;*
7-8, *Ari pakati peVatendi vake,*
avo vachamuona zvinozvino; 9-12,
Yose nyama yakaora pamberi pake;
13-22, *Akachengeta nyika yechi-*
pikirwa kuitira Vatendi vake mu-
nguwa ino nokusingaperi; 23-27,
Vatendi vanorairwa kuti vave
vamwe uye varemekedzane sehama;

28-29, *Hondo dzichauya dzinofa-*
notaurwa; 30-33, *Vatendi vacha-*
pihwa simba kubva kumusoro uye
nokuti vaende pakati pamarudzi
ose; 34-42, *Chechi rinorairwa*
kuti richengete varombo nevano-
shaya uye nokutsvaka upfumi
hwokusingaperi.

8a Mara. 3:1.
37 1a NEMAMWE MAZWI
Kududzira
kweBhaibheri

kwainge kwatora
kuitwa.
2a D&Z 24:3; 26:1.
3a NEMAMWE MAZWI

mudunhu reOhio
D&Z 38:31-32.
4a NKM Kuzvisarudzira.

UKU ndiko kutaura kunoita
Ishe Mwari vako, kunya-
ngwe Jesu Kristu, Mukuru
“NDINI Arfa naOmega, ^bkutanga
nekupedzisira, mumwecheteyo
akatarisa hupamhi hwekusi-
ngaperi ‘nehondo yose yesera-
fimur dzekudenga, nyika ^disati
‘yaitwa;

2 Mumwecheteyo “anoziva
zvinhu ^bzvose, nokuti zvose
zvinhu zviri pamberi pemaziso
angu;

3 Ndini mumwechete akatau-
ra, uye nyika; ikabva “yaitwa,
uye zvose zvinhu zvakauya
kuburikidza neni.

4 Ndini mumwecheteyo aka-
tora “Zioni yaEnoki muchipfu-
va changu; uye zvirokwazvo
ndinoti; kunyangwe avo vose
^bvakatenda, muzita rangu noku-
ti ndini Kristu uye pamusana
‘peropa, randakadeura, ndaka-
vakumbirira kuna Baba.

5 Asi tarisai, vakasarira “veva-
kaipa ndakavachengeta ^bmu-
mangetani erima ‘kudakara
kutongwa kwezuva guru,
uko kuchauya mukuguma
kwenyika.

6 Uye naizvozvo ndichaita

kuti vakaipa vachengetwe mu-
mangetani erima, avo vasingade
kunzwa izwi rangu asi vanoo-
mesa mwoyo yavo uye nhamo,
nhamo, nhamo, ndiko kupara-
dzwa kwavo.

7 Asi tarisai, zvirokwazvo,
zvirokwazvo ndinoti kwamuri
“maziso angu ari pamuri. Ndiri
^bpakati penyuru uye imi hamu-
kwanise kundiona;

8 Asi zuva ririkusvika zvino
rekuti “muzondiona, uye mu-
goziva kuti Ndini; nokuti chi-
dzitiro cherima iye zvino chava
kuzotsemurwa, uye uyo asina
^bkucheneswa ‘haangarame
zuva iro.

9 Nokudaro, sungirai nguwo
dzenyu muchiuno uye muga-
dzirire. Tarisai, “umambo nde-
hwenyu, uye muvengi haazo-
kunda.

10 Zvirokwazvo ndinoti kwa-
muri, “makachena, asi kwete
mose; uye hakuna mumwezve
uyo ^banondifadza chaizvo;

11 Nokuti yose “nyama yakao-
ra pamberi pangu; uye masimba
^berima anotonga nyika, pakati
pevana vevanhu pamberi pe-
mhondo yose yedenga—

38 1a NKM NDINI INI.

^b Zvaka. 1:8.

^c D&Z 45:1.

^d NKM Upenyu

hwenyama husati

hwavepo.

^e Mpi. 90:2.

2a D&Z 88:41; Mos. 1:35.

NKM Saruzivo.

^b Zir. 5:21; 2 Ni. 9:20.

3a Mpi. 33:6-9.

NKM Sika.

4a D&Z 45:11-14;

76:66-67; 84:99-100;

Mos. 7:18-21.

DJs, Gen. 14:25-40.

NKM Zioni.

^b D&Z 20:25; 35:2;

45:3-5.

^c NKM Dzikinura.

5a NKM Asakarurama.

^b II Pet. 2:4;

Jud. 1:6.

NKM Gehena.

^c NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

7a D&Z 1:1.

^b D&Z 6:32; 29:5.

8a Zvaka. 22:4-5.

NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

^b NKM Chakachena.

^c Mara. 3:2.

9a Ruka 6:20.

NKM Umambo

hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

10a NKM Chakachena

neChisina Kuchena.

^b D&Z 1:30.

11a Isa. 1:3-4; D&Z 33:4.

^b Mika 3:6; D&Z 112:23;

Mos. 7:61-62.

12 Izvo zvinokonzera kuti kunyarara kutonge, uye kusingaperi kose ^akunorwadziwa uye ^bngirozi dzakamirira murairo mukuru ^cwekukohwa pano pasi kuunganidza ^dsawi kuti ^eripiswe; uye tarisai, muvengi abatana,

13 Uye iyezvino ndinoratidza kwamuri zvakanzika, chinhu chiri munzvimbo dzakanzika, kuunza kunyangwe ^akuparadzwa kwenyu nekufamba kwenguva, uye makanga musingazvize;

14 Asi zvino ndinozvitaura kwamuri, uye imi makaropafadzwa, kwete pamusana pekupa kwenyu, kana kusatenda kwemwoyo yenyu; nokuti zvirokwazvo vamwe venyu vane mhosva pamberi pangu, asi ndichaitira tsitsi kusasimba kwenyu.

15 Naizvozvo, ivai ^amakasimba kubvira zvino; ^bmusatye, nokuti umambo ndehwenyu.

16 Uye kuruponeso rwenyu ndinopa kwamuri murairo, nokuti ndakanzwa minamoto yenyu, uye ^avarombo vakanyunyuta pamberi pangu uye ^bvapfumi ndakavasika, uye yose nyama ndeyangu, uye ini handina munhu ^cwandinokudza.

17 Uye ndakaita kuti nyika ipfume, uye tarisai ^achituru

chetsoka dzangu, nokudaro, zvakare ndichamira pamusoro payo.

18 Uye ndinotambanudza mako angu nokuzviredza kuti ndikupei upfumi hukuru, kunyangwe senyika yechipikirwa, nyika iri kuyerera nemukaka nehuchi, pamusoro payo pasingazove nokutukwa apo Ishe pavanouya;

19 Uye ndichaipa kwamuri senyika yenhaka yenyu, kana mukaitsvaka nemwoyo wenyu wose.

20 Uye ichi ndicho chichave chibvumirano changu nemi muchaiwana senyika yenhaka yenyu, uye ^anehaka yevana venyu nariini, apo nyika ichakamira, uye muchaiwana zvakare mukusingaperi, isingazopfuura.

21 Asi, zvirokwazvo ndinoti kwamuri nenguva muchashaya mambo kana mutongi, nokuti ndichave ^amambo wenyu uye ndichikutarisai.

22 Nokudaro, inzwi izwi rangu ^amunditevere, uye munozove vanhu ^bvakasununguka, uye muchange musina mimwe mitemo asi mitemo yangu pandinouya, nokuti ndini ^cmupi wemutemo wenyu, uye chii chingatadzise ruoko rwangu?

23 Asi, zvirokwavo ndinoti

12a Mos. 7:41.

b D&Z 86:3-7.

c NKM Mukoho.

d D&Z 88:94; 101:65-66.

e Mat. 13:30.

13a D&Z 5:32-33.

15a NKM Hushinga.

b NKM Kutya—Kutya Munhu.

16a Mosaya 4:16-18.

b I Sam. 2:7.

c Mabasa 10:34;

Moro. 8:11-12;

D&Z 1:34-35.

17a 1 Ni. 17:39;

Abr. 2:7.

20a D&Z 45:58.

21a Zek. 14:9;

2 Ni. 10:14;

Aruma 5:50.

22a Joh. 10:27.

b NKM Jesu Kristu—Kutonga paMereniari kwaKristu.

c Isa. 33:22;

Mika 4:2;

D&Z 45:59.

kwamuri, “dzidzisanai maer-rano nechinzvimbo chandaka-kupai;

24 Uye regai wose munhu “akudze hama yake sezvaano-zviita iye pachake, uye ateedze ^bhunhu ‘nehutsvene pamberi pangu.

25 Uye zvakare, ndinoti kwa-muri regai wose munhu akudze hama yake sezvaanozviita uye pachake.

26 Nokuti ndiani munhu pa-kati penyu aine vanakomana gumi nevaviri, asina tsvete pa-kati pavo, uye vachimushandi-ra nokuteerera, uye oti kune mumwe wavo: Iva unoshonga nguwo uye ugare pano; uye oti kune mumwe: Pfeka mamve-mwe uye ugare uko—uye ota-risa vanakomana vake ozviti ndinoenzanisa?

27 Tarisai, izvi ndazvipa kwa-muri semufananidzo, uye zva-kaita kunyangwe sezvandiri. Ndinoti kwamuri ivai “vamwe-chete; uye kana musiri vamwe-chete hamusi vangu.

28 Uye zvakare, ndinoti kwa-muri muvengi ari munzvimbo dzakavandika ari kutsvaka “upenyu hwenyu.

29 Munonzwa “nezvehondo munyika dziri kure, uye imi

moti kuchave nehondo huru kunyika dziri kure, asi hamuzi-ve mwoyo yevanhu vari mu-nyika menyu.

30 Ndinokutaurirai zvinhu izvi pamusana peminamoto yenyu; nokudaro “pfimbikai ^bungwaru muzvipfuva zve-nyu, kuitira kuti huipi hweva-nhu hukazoburitsa zvinhu izvi kwamuri kuburikidza nehuipi hwavo nenzira ichataura mu-nzeve dzenyu nezwi guru kupfuura iro richazunguza nyika; asi kana makagadzirira hamuzotyia.

31 Uye kuti mupunyuke mu-simba remuvengi, uye mugou-nganidzwa kwandiri muri vanhu vakarurama, musina “kavara uye musina mhosva—

32 Nokudaro, nechikonzero ichi ndakakupai murairo kuti muende “kuOhio; uye ikoko ndichakupai ^bmutemo wangu; uye ikoko ‘muchapihwa masi-mba anobva kumusoro;

33 Uye kubvira ipapo, ani zva-ke wandinoda kuti aende pakati pamarudzi “ose, uye zvichata-urwa kwavari zvavakafanira kuita; nokuti ndine basa guru rakamirira, nokuti Israeri ^bicha-poneswa, uye ndichavatunga-mirira kwose kwandinenge

23a D&Z 88:77–79,
118, 122.
NKM Dzidzisa.
24a Deut. 17:20;
I VaKori. 4:6.
^b D&Z 46:33.
NKM Hunhu
Wakanaka.
^c NKM Hutsvene.
27a Joh. 17:21–23;
I VaKori. 1:10;

VaE. 4:11–14;
3 Ni. 11:28–30;
Mos. 7:18.
NKM Kubatana.
28a D&Z 5:33; 38:13.
29a D&Z 45:26, 63;
87:1–5; 130:12.
30a JS—Mat. 1:37.
^b NKM Ungwaru.
31a II Pet. 3:14.
32a D&Z 37:3.

^b D&Z 42.
^c Ruka 24:49;
D&Z 39:15; 95:8;
110:9–10.
33a NKM Basa
reKushumira.
^b Isa. 45:17;
Jer. 30:10;
D&Z 136:22.

ndichida, uye hakuna simba
‘richatadzisa ruoko rwangu.

34 Uye zvino, ndinopa kuche-
chi munzvimbo dzino murairo
kuti vamwe vanhu mukati
mavo vachasarudzwa, uye va-
chasarudzwa “nezwi rechechi;
35 Uye vachatarisa kune
varombo nevanoshaya, uye vo-
varopafadza “nerubatsiro kuti
vasazotambudzika; uye vachi-
vatumira kunzvimbo yandaka-
varaira;

36 Uye iri ndiro richave basa
ravo, kutonga nyaya dzemidzi-
yo yechechi.

37 Uye avo vane mapurazi
asingagone kutengeswa, regai
asare kana kuisa vanhu vano-
terera maererano nezvavanoo-
na zvakanaka.

38 Onai kuti zvose zvinhu
zvachachengetedzwa; uye kana
vanhu “vapihwa masimba ku-
bva kumusoro uye vatumwa,
zvose zvinhu izvi zvichaunga-
nidzwa kuchipfava chechechi.

39 Uye kana mukatsvaka

“upfumi uhwo huri kuda kwa-
Baba kuti vakupei, muchave
vapfumi kupfuura vanhu vose,
nokuti muchawana upfumi
hwokusingaperi; uye zvinofa-
nira kuti ^bupfumi hwenyika
ndehwangu kuti ndipe; asi
chenjererai “kuzvikudza, potse
mungave ^asemaNifai akare.

40 Uye zvakare, ndinoti kwa-
muri, ndinopa kwamuri mura-
iro, kuti wose munhu, wose
gosa, mupirisita, mudzidzisi,
uyewo nenhengo, aende nesim-
ba rake, nekushanda “nema-
oko ake, kugadzirira nokuita
zvinhu zvandaraira.

41 Uye regai “kuparidza kwe-
nyu kuve ^bizwi rekuyambira,
wose munhu kumuvakidzani
wake, uye mukupfava nemu-
hunyoro.

42 Uye endai “kubva mukati
mevakaipa. Zviponesei pache-
nyu imi. Ivai makachena imi
makatakura midziyo yalshe.
Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 39

*Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita
kuna James Covill, paFayette, New York, 5 Ndira 1831 (History of the
Church, 1:143-145). James Covill, uyo akambenge ari mushumiri we-
Baptist kwemakore angaita makumi mana, akabvumirana naIshe kuti
anozoteerera wose murairo zvawo uyo waachapihwa naIshe kuburikidza
naJoseph Muporofita.*

1-4, Vatendi vanesimba rekuve
vanakomana vaMwari; 5-6, Ku-

*gashira vhangeri ndiko kugashira
Kristu; 7-14, James Covill anorai-*

33c Dan. 4:35.

34a NKM Kubvumirana
kwewose.

35a NKM Ruyamuro.

38a NKM Endawumenti.

39a Jak. 2:17-19;

D&Z 11:7.

b Hag. 2:8.

c NKM Kudada.

d Moro. 8:27.

40a I VaKori. 4:12.

41a NKM Paridza.

b NKM Yambira,

Yambiro.

42a Isa. 52:11.

rwa kuti abhabhatidzwe uye kuti ashande mumunda wemizambiringa waIshe; 15-21, Varanda vaIshe vanoparidza vhangeri Kuuya Kwechipiri kusati kwasvika; 22-24, Avo vanogashira vhangeri vachanganidzwa munguva uye nekusingaperi.

TEEERERAI uye munzwe kuizwi reuyo anobva “kwo-kusingaperi kwose kusvika kwokusingaperi kwose, Mukuru ^bNDINI, kunyangwe Jesu Kristu—

2 “Chiedza neupenyu hwenyika; chiedza chinopenya murima uye rima harichinzwisise;

3 Mumwecheteyo akauya “pakati penguva kune vekwangu, asi vekwangu havana kundigashira.

4 Asi kuna vazhinji vakandigashira ndakavapa simba kuti vave “vanakomana vangu; uye kunyangwe zvakadaro ndichapa kuvazhinji avo vachandigashira, simba rekuti vave vanakomana vangu.

5 Uye zvirokwasvo, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, uyo anogashira vhangeri rangu “anogashira ini; uye asingagashire vhangeri rangu haandigashire.

6 Uye iri ndiro “vhangeri ra-

ngu—kutendeuka nerubhabhatidzo nemvura, uye kwozouya zvino ^brubhabhatidzo rwemoto neMweya Mutsvene, kunyangwe Munyaradzi, anoratidza zvinhu zvose ‘nokudzidzisa zvinhu zverunyararo zveumambo.

7 Uye zvino tarisai, ndinoti kwauri iwe, muranda wangu “James, ndatarisa mabasa ako uye ndinokuziva.

8 Uye zvirokwasvo ndinoti kwauri mwoyo wako iye zvino watove pamberi pangu panguva ino; uye tarisai ndaisa maropafadzo makuru pamusoro pako;

9 Zvisinei iwe waona kusuwa kukuru, nokuti wandiramba nguva zhinji pamusana pekuzvida nepamusana pezvinetswa “zvenyika.

10 Asi, tarisai, mazuva ekupona kwako asvika kana ukateerera kuizwi rangu, iro rinoti kwauri; Simuka “ubhabhatidzwe, uye ugeze zvitadzo zvako uchidaidzira zita rangu, uye uchagashira Mweya wangu, neropafadzo guru rausati wamboziva.

11 Uye ukaita izvi, ndakugadzirira iwe basa guru. Uchaparidza vhangeri rangu rizere, iro randatumira mumazuva ano ekupedzisira, chibvumirano chandakatumira kuti “ndi-

39 1a VaH. 13:8; D&Z 20:12; 35:1; 38:1-4.
 b Eks. 3:14.
 NKM Jehova.
 2a NKM Chiedza, Chiedza chaKristu.
 3a D&Z 20:26; Mos. 6:57, 62.
 4a Joh. 1:12.

NKM Vanakomana neVanasikana vaMwari.
 5a Joh. 13:20.
 6a NKM Bhabhatidza; Vhangeri; Rutendeuko.
 b NKM Kuberekwa naMwari, Kuberekwa Patsva;

Mweya Mutsvene.
 c D&Z 42:61.
 7a D&Z 40:1.
 9a Mat. 13:22.
 10a D&Z 40:1-3.
 NKM Bhabhatidza.
 11a NKM Israeri—
 Kuunganidzwa kwa Israeri.

dzore vanhu vangu, avo vari vemba yaIsraeri.

12 Uye zvichaitika kuti iroto simba “richagara pauri; uchave nerutendo rwukuru, uye ini ndichave newe uye ndichaenda pamberi pechiso chako.

13 Wakadaidzirwa “kushanda mumunda wangu wemizambiringa, nekuvaka chechi yangu, ^bnekuunza Zioni; kuti ifare pamusoro pezvikomo uye ^cibudirire.

14 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, hauna kudaidzirwa kuti uende kunyika yekumabvazuva, asi wakadaidzirwa kuti uende kuOhio.

15 Uye kana vanhu vangu vakazviunganidza pachezvavo paOhio, ndavachengetera “maropafadzo ayo asingazivikanwe mukati mevana vevanhu, uye achadururirwa pamisoro yavo. Uye kubvira ipapo vanhu vachaenda ^bkumarudzi ^cose.

16 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, kuti vanhu vari kuOhio vanodaidza kwandiri nerutendo rukuru, vachifunga kuti ndingadzore ruoko rwangu mukutongwa kwemarudzi, asi handingarambe izwi rangu.

17 Nokudaro shanda nesimba rako uye wodaidza vashandi vanovimbika kumunda wangu

wemizambiringa, kuti “richekererwe kekupedzisira.

18 Uye kana vachitendeuka uye vachigashira kuzara kwevhangeri rangu, uye vachitsveneswa, ndichadzora ruoko rwangu “mukutonga.

19 Nokudaro, enda, uchideedzera nezwi rapamusoro, uchiti: Umambo hwekudenga hwave pedyo; uchideedzera: Hosana! Ngaripafadzwe zita raMwari wePamusoro-soro.

20 Enda uchibhabhatidza nemvura, uchigadzira nzira pamberi pechiso changu kuitira nguva “yandinouya.

21 Nokuti nguva yasvika; “zuva kana nguva hapana munhu ^banoziva; asi chokwadi richauya.

22 Uye uyo anotambira zvinhu izvi, iye anotambira ini; uye vachauanganidzwa kwandiri munguva nekusingaperi.

23 Uye zvakare, zvichaitika kuti vazhinji vamuchabhabhatidza nemvura, muchavagadza “maoko enyu, uye vachagashira ^bchipo cheMweya Mutsvene, uye ^cvachitarisira zviratidzo ^dzvekuuya kwangu, uye vachazondiziva.

24 Tarisai ndinouya nokukuru midza: Kunyangwe saizvozvo. Amen.

12a II VaKori. 12:9.

13a Mat. 20:1-16.

b Isa. 52:8.

c D&Z 117:7.

15a D&Z 38:32; 95:8; 110:8-10.

b D&Z 1:2.

c NKM Basa reKushumira.

17a Jak. 5:61-75;

D&Z 24:19.

18a NKM Jesu Kristu—Mutongi.

20a NKM Kuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu.

21a Mat. 24:36.

b JS—Mat. 1:40.

23a NKM Maoko, Kugadzwa kwe.

b NKM ChipochiMweya Mutsvene.

c Zvaka. 3:3; D&Z 35:15; 45:39-44.

d II Pet. 3:10-14.

CHIKAMU 40

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita nekuna Sidney Rigdon, paFayette, New York, Ndira 1831 (History of the Church, 1:145). Pamberi pechinyorwa chechakazarurwa chino, Muporofita akanyora kuti, “Sekuramba kwakaita James Covill izwi raIshe, uye achidzokera kuzvinhu zvake zvakare nevanhu, Ishe vakapa kwandiri naSidney Rigdon chakazarurwa chinotevera” (History of the Church, 1:145).

1–3, Kutya kutambudzwa nezvinhu zvenyika zvinokonzera kurambwa kwevhangeri.

TARISAI, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kuti mwoyo wemuranda wangu “James Covill wakanga wakanaka pamberi pangu, nokuti akabvumirana neni kuti anozoteerera izwi rangu.

2 Uye akagashira izwi nokufara asi pakarepo Satani akamuedza; uye kutya kutambudzwa nezvinhu zvenyika zvakaita kuti arambe izwi.

3 Nokudaro akatyora chibvumirano changu, uye zvasarira kwandiri kuita kwaari zvandinooona zvakana. Amen.

CHIKAMU 41

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, kuChechi, paKirtland, Ohio, 4 Kukadzi 1831 (History of the Church, 1:146–147). Bazi reChechi reKirtland panguva iyi rakange richikurumidza kukura muhuvandu hwevanhu. Pamberi pechakazarurwa chino, Muporofita akanyora kuti, “Nhengo . . . dzakanga dzichishingairira kuita kuda kwaMwari, sekuziva kwadzaaita, kana dai zvazvo dzimwe pfungwa dzisiriidzo nemweya yenhema yakange yapinda pakati pavo . . . [uye] Ishe akapa kuChechi zvinotevera” (History of the Church, 1:146–147).

1–3, Magosa aчатonga Chechi nemweya wezvakazarurwa; 4–6 Vadzidzi vechokwadi vachagashira nokuchengeta mutemo waIshe; 7–12, Edward Partridge anodaidzwa sabhishopi muChechi.

TEEERERAI, uye munzwe, imivanhu vangu, vanodaro Ishe naMwari wenyu, imi vandinofarira kuropafadza nema-ropafadzo makuru kupfuura ose, imi munondinzwa; uye imi musingandinzwe ndicha-

40 1a D&Z 39:7–11.
2a Marko 4:16–19.
b Mat. 13:20–22.
NKM Kupfuvisa.

c NKM Kurasika
Pachitendero.
41 1a NKM
Kuropafadzwa.

b Deut. 11:26–28;
1 Ni. 2:23.

kutukai imi ‘makakambira zita rangu, nekutuka kunokunda kwose kutuka.

2 Teererai, imi magosa echechi avo vangu vandakaidza, tarisai ndinokupai murairo, kuti muchaungana pamwechete kuti “mubvumirane pamusoro peshoko rangu;

3 Nemunamato werutendo rwenyu muchagashira “mutemo wangu, kuti mugoziwa kutonga chechi yangu nokuve nezvinhu zvose zvakarurama pamberi pangu.

4 Uye ndichave “mutongi wenyu ^bpandinouya; uye tarisai, ndinouya nokukurumidza, uye imi muchaona kuti mutemo wangu wachengetwa.

5 Uyo “anogashira mutemo wangu uye ^bakauita, mumwecheteyo mudzidzi wangu; uye uyo anoti agashira akasauita mumwecheteyo haasi mudzidzi wangu, uye ‘achabviswa pakati penyu;

6 Nokuti hazvina kufanira kuti zvinhu zvevana veumambo zvipihwe kune avo vasina kukodzera, kana “kumbwa, kana ^bzvinokosha zvikandwe pamberi penguruve.

7 Uye zvakare, zvakafanira kuti muranda wangu Joseph

Smith, Mwana, ave “nemba inovakwa yokugara uye ^bnokududzira.

8 Uye zvakare, zvakafanira kuti muranda wangu Sidney Rigdon anofanira kugara sezvaanoona zvakamunakira, kana achichengeta mirairo yangu—

9 Uye zvakare, ndadaidza muranda wangu “Edward Partridge; uye ndinopa murairo, kuti anofanira kudomwa nezwi rechechi, uye ogadzwa ^bsabhishopi wechechi, kuti asiye zvaanotengesa kuti ‘ashandise nguva yake yose mumabasa echechi;

10 Kuona kuzvinhu zvose sekudomwa kwazvichaitwa kwari mumitemo yangu muzuva iro randichayipa.

11 Izvi nechikonzero chekuti mwoyo wake wakachena pamberi pangu, nokuti akaita “saNatanaeri wekare, uyo asina ^bhunyengedzi maari.

12 Aya mazwi anopihwa kwamuri, uye akachena pamberi pangu; nokudaro, chenjerai kuti munoabata sei, nokuti achapindurirwa pamweya yenyu nemusi wekutongwa. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

1c D&Z 56:1-4;
112:24-26.

2a NKM Kubatana.

3a D&Z 42.

4a Zek. 14:9;

D&Z 45:59.

NKM Jesu Kristu—

Kutonga paMereniari
kwaKristu.

^b NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

5a Mat. 7:24.

^b Jkb. 1:22-25;

D&Z 42:60.

c D&Z 50:8-9.

NKM Kubviswa

Hunhengo.

6a Mat. 15:26.

^b Mat. 7:6.

7a D&Z 42:71.

^b NEMAMWE MAZWI

Kududzira Bhaibheri.

D&Z 45:60-61.

9a D&Z 36:1.

^b D&Z 72:9-12;

107:68-75.

NKM Bhishopi.

c D&Z 51.

11a Joh. 1:47.

^b NKM Kunyenge.

CHIKAMU 42

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza na Joseph Smith Muporofita, pa-Kirtland, Ohio, 9 Kukadzi 1831 (History of the Church, 1:148-154). Zvakagashirwa pamberi pemagosa gumi nevaviri uye nemukuzadzikisa chivimbiso chaIshe chaakamboita chekuti “mutemo” waizopihwa muOhio (ona chikamu 38:32). Muporofita anotsanangura chakazarurwa chino achiti “zvinobata mutemo weChechi” (History of the Church, 1:148).

1-10, Magosa anodaidzwa kuti aparidze vhangeri, vabhabhatidze vatendeuki, uye nokuwaka Chechi; 11-12, Vanofanira kudaidzwa uye vogadzwa uye vari vanofanira kudzidzisa mitemo yevhangeri iyo inowanikwa mumagwaro matsvene; 13-17, Vanofanira kudzidzisa nokuporofita nesimba reMweya; 18-29, Vatendi vanorairwa kuti vasauraye, kuba, kunyepa, kuita ruchira, kuita upombwe, kana kutaura zvakaiya pamusoro pevamwe; 30-39, Mitemo inotonga kutsaurwa kwemidziyo inomiswa; 40-42, Kuzvikudza nenungo hazvidiwe; 43-52, Vanorwara vacharapwa kuburikidza nokuropafadzwa; uye nerutendo; 53-60, Magwaro matsvene anotonga Chechi uye anofanira kutaurwa kunyika; 61-69, Nzvimbo yeJerusalem Idzva nezvakavandika zveumambo zvichaiswa pachena; 70-73, Midziyo yakatsaurwa inofanira kushandiswa kuriritira vashandi veChechi; 74-93, Mitemo inotonga kuzivana kusina kururama, hupombwe, kuuraya, kuba, uye nokureurura zvitadzo inotsanangurwa.

TEEERERAI, imi magosa echechi yangu, imi maungana

pachenyu muzita rangu, kunyangwe Jesu Kristu Mwana-komana waMwari mupenyu, Muponesi wenyika; sezvo muri munotenda muzita rangu uye nokuchengeta mirairo yangu.

2 Zvakare ndinoti kwamuri, teerera nekunzwa nekutevedza “mutemo uyo wandichapa kwamuri.

3 Nokuti zvirokwazvo ndinoti, sezvo maungana pamwechete pachenyu maererano “nemurairo wandakakurairai, uye makabvumirana^b muchinhu chimwechete chino, uye mukakumbira kuna Baba muzita rangu, kunyangwe saizvozvo muchagashira.

4 Tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndinopa kwamuri uyu murairo wekutanga, kuti muchaenda muzita rangu, mumwe nemumwe wenyu, kunze kwevaranda vangu Joseph Smith, Mwana, na-Sidney Rigdon.

5 Uye ndinopa kwavari murairo kuti ivo vachaenda kwe-mwaka mudiki, uye zvichapihwa nesimba “reMweya kuti vachadzoka rinhi.

6 Uye imi muchaenda musi-

mba reMweya wangu, muchiparidza vhangeri rangu, “vaviri vaviri, muzita rangu, muchisi-muzita mazwi enyu sekurira kwehwamanda, muchitaura izwi rangu sengirozi dzaMwari.

7 Uye muchaenda muchibhabhatidza nemvura, muchiti: Tendeukai imi, tendeukai imi nokuti umambo hwekudenga hwave pedyo.

8 Uye muchibva panzvimbo ino muchaenda kumatunhu ekumadokero; uyezve nokuwana kwamuchaita avo vachakutambirai muchavaka chechi yangu mudunhu rega-rega —

9 Kudakara nguva yangu yauya iyo pazvicharatidzwa kwamuri kubva kumusoro, apo ^aguta reJerusarema ^bIdzva richagadzirwa, kuti ^cmuunganidzwe muri pamwechete, kuti muve ^dvanhu vangu uye ndichave Mwari venyu.

10 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, muranda wangu ^aEdward Partridge achamira munzvimbbo iyo yandakamupa. Uye zvichaitika, kuti kana akatadza ^bmumwe anoiswa munzvimbbo yake. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

11 Zvakare ndinoti kwamuri,

hazvipihwe kumunhu wose zvake kuti ayende ^aanoparidza izwi rangu, kana kuvaka chechi yangu, kunze kwekunge ^bakagadzwa nemumwe ane ^cmvumo, uye zvichizivikanwa kuchechi kuti ane mvumo uye akagadzwa nenzira kwayo nemisoro yechechi.

12 Uye zvakare, ^amagosa, vapirisita nevadzidzisi vechechi ino ^bvachadzidzisa misimbotti yevhangeri rangu, iyo iri ^cmuBhaibheri uye ^dneBhuku raMormoni, umo mune kuzara ^ekwevhangeri,

13 Uye vachacherechedza zvi-bvumirano nemisimbotti yechechi kuti vaiite, uye izvi ndizvo zvichave zvidzidziso zvavo, sekutungamirirwa kwavachange vachiitwa neMweya.

14 Uye Mweya uchapihwa kwamuri ^anemunamato werutendo; uye kana musina kugashira ^bMweya hamudzidzise.

15 Uye zvose izvi muchache-rechedza kuzviita sekuraira kwandakaita pamusoro pekudzidzisa kwenyu, kudakara kuzara ^akwemagwaro angu matsvene kwapihwa.

16 Uye sezvo muchazosimudzwa mazwi enyu kuburikidza

6a Marko 6:7.

NKM Basa
reKushumira.

9a D&Z 57:1-2.

^b Eta 13:2-11;
D&Z 45:66-71; 84:2-5;
Mos. 7:62;
Mis. yeCh. 1:10.

NKM Jerusarema
Idzva.

^c NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.

^d Zek. 8:8.

10a D&Z 41:9-11; 124:19.

^b D&Z 64:40.

11a NKM Paridza.

^b NKM Akadaidzwa
naMwari; Gadza.

^c NKM Mvumo;
Hupirisita.

12a NKM Gosa.

^b Mosaya 18:19-20;
D&Z 52:9, 36.

NKM Dzidzisa.
^c NKM Bhaibheri.

^d NKM Bhuku

raMormoni; Magwaro
matsvene—Kukosha
kwemagwaro
matsvene.

^e NKM Vhangeri.

14a D&Z 63:64.

NKM Munamato.

^b NKM Mweya
Mutsvene; Dzidzisa—
Kudzidzisa
neMweya.

15a D&Z 42:56-58.

“naMweya Munyaradzi, mu-chataura nokuporofita sekuda kwangu;

17 Nokuti tarisai, Mweya Munyaradzi anoziva zvinhu zvose, uye anopupura pamusoro pe-zvaBaba nezveMwanakomana.

18 Uye zvino tarisai, ndinotaura kuchechi. “Musauraye; uye uyo ^banouraya haazowane ruregerero pasi pano, kana munyika ichauya.

19 Uye zvakare ndinoti, musauraye; asi uyo anouraya “achafa.

20 “Musabe; uye uyo anoba uye agorega kutendeuka acharaswa kunze.

21 Musareve “nhema; uyo anonyepa akasatendeuka anoraswa kunze.

22 “Ida mukadzi wako nemwoyo wako wose, uye ^buchanamatira kwaari uye pasina mumwe.

23 Uye uyo anotarisa mukadzi “nokumuchiva acharamba chitendero, haazove neMweya; uye kana akasatendeuka acharaswa kunze.

24 Musaita “upombwe; uye uyo anoita upombwe, uye akasatendeuke, acharaswa kunze.

25 Asi uyo aita upombwe uye

“akatendeuka nemwoyo wake wose, uye akabva azvisiya, uye akasazviita zvakare, iyeyo ^bmuchamuregerera;

26 Asi akazviita “zvakare, iyeyo haachazoregererwa, asi acharaswa kunze.

27 “Musataure zvakaipa pamusoro pemuvakidzani wenyu, kana kumuitira chinhu chinomukuvadza.

28 Munoziva mitemo yangu maererano nezvinhu izvi zvinopihwa mumagwaro matsvene angu; uyo anotadza uye akasatendeuka “acharaswa kunze.

29 Kana “uchindida ^buchandishandira uye ‘nokuchengetedza mirairo yangu.

30 Uye tarisai, mucharangarira “varombo, uye ^bmugopira midziyo yenyu ‘kuvariritira, iyo yamungakwanise kuvapa, nechibvumirano nechisungo chisingatyoreke.

31 Uye “sekupa kwamunenge muchiita zvinhu zvenyu ^bkuvarombo, munenge muchizviita kwandiri; uye zvichaiswa pamberi ‘pabhishopi wechechi yangu nevabatsiri vake, vaviri vemagosa, kana vapirisita vepa-

16a I VaKori. 2:10-14;
D&Z 68:2-4.

NKM Munyaradzi.

18a Eks. 20:13-17;

Mat. 5:21-37;

2 Ni. 9:35;

Mosaya 13:21-24;

3 Ni. 12:21-37.

b NKM Kuponda.

19a NKM Kuranga nerufu.

20a NKM Kuba.

21a NKM Anovimbika;

Kunyepa.

22a NKM Rudo; Kuroora.

b Gen. 2:23-24;

VaE. 5:25, 28-33.

23a Mat. 5:28; 3 Ni. 12:28;

D&Z 63:16.

NKM Ruchiva.

24a NKM Hupombwe.

25a NKM Rutendeuko.

b Joh. 8:3-11.

NKM Regerera.

26a II Pet. 2:20-22;

D&Z 82:7.

27a NKM Makuhwa.

28a NKM Kubviswa

Hunhengo.

29a Joh. 14:15, 21.

b NKM Rubatsiro.

c NKM Anoteerera.

30a Mosaya 4:16-26;

Aruma 1:27.

NKM Murombo.

b NKM Gadza, Mutemo

weruGadzo.

c NKM Ruyamuro.

31a Mosaya 2:17.

NKM Kupa zvipo.

b NKM Murombo.

c NKM Bhishopi.

musoro, vaachasarudza kana vaakasarudza kare uye “akavatsaurira basa iroro.

32 Uye zvichaitika, kuti mushure mekunge zvaiswa pamberi pabhishopi wechechi yangu, uye mushure mekunge agashira uchapupu uhu maererano “nekupirwa kwemidziyo yechechi rangu, kuti hazvizokwanisika kutorwa kubva muchechi, zvichipindirana nemirairo yangu, munhu wose achaitwa kuti ^bazvidavirire kwandiri, ^chutariri hwemidziyo yake, kana izvo zvaakatambira kuburikidza nekutsaurwa, izvo zvinokwanirana naye ^dnemhuri yake.

33 Uye zvakare, kana pachizoitamimwe midziyo iri mumaoko echechi, kana emumwe munhu ari mariri zvakawanda kupfura zvakafanira kuti vararame mushure mekupirwa kwekutanga uku, zviri “zvasara zvinopirwa kuna bhishopi, zvichachengetwa kuti zvigoropafadza avo vasina, nguva nenguva, kuti wose munhu anoshaya apihwe zvinomukwanira uye kuti agotambira maererano nezvaanoda.

34 Nokudaro, zvinosaririra zvichachengeterwa mumba yangu yekuchengetera, kuti zvigopihwa kuvarombo nevanoshaya, sezvinenge zvadomwa nedare repamusoro rechechi, nabhishopi nedare rake;

35 Uye nechinangwa chekuteंगा nzwimbo dzinoyamura chechi, uye nokuvaka dzimba dzekunamatira, uye nekuvaka Jerusarema “Idzva iro richaraitidzwa mushure—

36 Kuti vanhu vechibvumirano vagoungana pamwechete muzuva iro “randichauya ^bkutemberi yangu. Uye izvi ndinovziitira ruponeso rwevanhu vangu.

37 Uye zvichaitika kuti, uyo anotadza uye akasatendeuka, “achakandwa kunze kwechechi, uye haazogashira zvakare icho chaakanga ^bapira kuvarombo nekune vanoshaya vechechi yangu, kana kuti nemamwe mazwi, kwandiri—

38 Sekuita kwamunenge “muchizviitira wekupedzisira weava, munenge muchizviitira ini.

39 Nokuti zvichaitika kuti, izvo zvandakataura nemiromo yemaporofita vangu zvichadzikiswa; nokuti ndichatsaura upfumi hweavo vanogumbatira vhangeri rangu pakati peJentairi, kuvarombo vevanhu vangu avo vari vemba yaIsraeri,

40 Uye zvakare, “musazvikudze mumwoyo menyu; itai kuti ^bnhumbi dzenyu dzose dzive dzisingashamisire, uye kunaka kwadzo kuve kunaka kwebasa remaoko enyu;

31d NKM Kutsaura.

32a D&Z 51:4.

^b D&Z 72:3–11.

NKM Kudavira.

^c NKM Mutariri.

^d D&Z 51:3.

33a D&Z 42:55; 51:13; 119:1–3.

35a NKM Jerusarema

Idzva; Zioni.

36a D&Z 36:8.

^b Mara. 3:1.

37a D&Z 41:5; 50:8–9.

NKM Kubviswa

Hunhengo.

^b NKM Gadza, Mutemo

weruGadzo.

38a Mat. 25:34–40.

NKM Rudo

Rwakadzama;

Ruyamuro.

40a Zir. 16:5.

NKM Kudada.

^b NKM Kutsiga.

41 Itai kuti zvinhu zvose zviitwe mukutsvinda pamberi pangu.

42 Musaite “nungo; nokuti uyo ane nungo haazodya chingwa kana kupfeka nhumbi dzemushandi.

43 Uye ani zvake pakati penyuru “anorwara, asina rutendo rwekuti arapwe, asi achitenda, achachengetwa achibatwa nokuzvakanaka chose, nemishonga uye nekudya kwakapfava, uye kuti zvisingaitwe neruoko rwemuvengi.

44 Uye magosa echechi, vaviri kana kupfuura, vachadaidzwa, uye vachanamatira nekuvagadza “maoko pamusoro pavo muzita rangu; uye kana ^bvakafa vachafira kwandiri, uye vakapona vachaponera kwandiri.

45 “Muchagara pamwechete ^bmurudo, zvekuti “muchachema nokurasikirwa neavo vanenge vafa, uye kunyanya avo “vasingatarisirwe kuve nekumuka kuvakafa kune kubwinya.

46 Uye zvichaitika kuti avo vachafa vari mandiri havazoiraira “rufu, nokuti rwuchange ^brwuchitapira kwavari;

47 Uye vanofa vasiri mandiri,

nhamo kwavari, nokuti rufu rwavo rwunovava.

48 Uye zvakare, zvichaitika kuti uyo ane “rutendo mandiri ^brwekupona, uye asina “kudomerwa kufa achapona.

49 Uyo ane rutendo rwekuona, achaona.

50 Uyo ane rutendo rwekunzwa, achanzwa.

51 Anokaminha ane rutendo rwekusvetuka achasvetuka.

52 Uye avo vasina rutendo rwekuiva zvinhu izvi, asi vachitenda mandiri, vane simba rekuve “vanakomana vangu; uye kana vasiri kutyora mitemo yangu, ^bmuchatakura utera hwavo.

53 Muchamira munzvimbo “yeutariri hwenyu.

54 Musazatora nhumbi yehama yenyu; muchatenga icho chamunotambira kubva kuhamayenyu.

55 Uye “mukawana zvakananda kupfuura zvamunoda mukuzviriritira kwenyu, makafanira kuzvipa ^bkuimba yangu yekuchengetera, kuti zvose zvinhu zvigoitwa mayererano neizvo zvandataura.

56 Muchakumbira, uye “magwaro matsvene angu achapi-

42a D&Z 68:30–32.
NKM Anenungo.
43a NKM Chirwere.
44a NKM Kuropafadza vanowara; Maoko, Kugadzwa kwe.
b VaR. 14:8;
Zvaka. 14:13;
D&Z 63:49.
45a I Joh. 4:16, 20–21.
b NKM Rudo.
c Aruma 28:11–12.

d I VaKori. 15:19–22.
NKM Tariro.
46a NKM Rufu,
rwenyama.
b Zvaka. 14:13.
48a D&Z 46:19.
NKM Rutendo.
b NKM Kurapa.
c Mpa. 3:1–2;
Mabasa 17:26;
VaH. 9:27; D&Z 122:9.
52a NKM Vanakomana

neVanasikana vaMwari.
b VaR. 15:1.
NKM Kuwadzana.
53a NKM Mutariri.
55a D&Z 82:17–19;
119:1–3.
b D&Z 42:34; 51:13.
56a Ziviso pfupi yekududzirwa kweBhaibheri.
D&Z 45:60–61.

hwa sezvandadoma, uye ^bago-chengetedzwa zvakanaka;

57 Uye zvakananira kuti munyarare pamusoro pawo, uye musavadzidzise dakara mavagashira zvizere.

58 Uye ndinokupai murairo kuti muchaidzidzisa kuvanhu vose; nokuti ichaidzidziswa kumarudzi ^aose, vehukama, vendimi, nevanhu.

59 Muchatora zvinhu zvamatambira, izvo zvakapihwa kwamuri mumagwaro matsvene angu semutemo, kuti uve mutemo wangu unotonga chechi yangu;

60 Uye uyo ^aanoita maererano nezvinhu izvi achaponeswa, uyo asingazviite ^bachatongwa kana akaramba akadaro.

61 Kana mukakumbira, muchagashira ^azvakarurwa pamusoro pezvakazarurwa, ^bruzivo pamusoro peruzivo, kuti mugoziva ^czvakanvandika nezvinhu ^dzverunyararo—izvo zvinounza ^erufaro, izvo zvinounza upenyu hwokusingaperi.

62 Muchakumbira, uye zvobva zvaratidzwa kwamuri munguva yangu painenge yasvika apo Jerusarema ^aIdzva richavakwa.

63 Uye tarisai, zvichaitika kuti varanda vangu vachatu-

mirwa kumabvazuva nekumadokero, kuchamhembe neku-maodzanyemba.

64 Uye kunyangwe iye zvino, regai uyo anoenda kumabvazuva avadzidzise avo vachatendeudzwa kuti vatizire ^akumadokero, uye izvi zviri zvinokonzerwa nechichauya panyika, uye zvisungo zvemibatandzwa ^byemuchivande.

65 Tarisai, muchacherechedza zvinhu zvose izvi, uye mubairo wenyu uchave mukuru; nokuti kwamuri kwakapihwa kuti muzive zvakanvanzika zvemu-umambo, asi kunyika hazvina kupihwa kuti vazvizive.

66 Muchacherechedza mitemo yamakambira uye move makatendeseka.

67 Uye muchagashira pashure ^azvibvumirano zvechechi, izvo zvichave zvakanvawana kukumisai, zvose pano nemuJerusarema Idzva.

68 Nokudaro, uyo asina ^aungwaru, ngaandikumbire, ndichamupa zvakanvawana uye ndisingamukonorere.

69 Simudzai mwoyo yenyu, uye mufare, nokuti kwamuri ^aumambo, kana kuti nemamwe mazwi, ^bmakiyi echechi apihwa. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

56b NKM Magwaro matsvene—Kukosha kwemagwaro matsvene.

58a D&Z 1:2.

60a D&Z 41:5.

NKM Anoteerera.

b Mos. 5:15.

NKM Kuraswa.

61a NKM Zvakazarurwa.

b Abr. 1:2.

NKM Ruzivo;

Uchapupu.

c D&Z 63:23.

NKM Zvakavandika

zvaMwari.

d D&Z 39:6.

e NKM Rufaro.

62a D&Z 57:1-5.

64a D&Z 45:64.

b NKM Huranganwa

hwemuruvande.

67a D&Z 82:11-15.

68a Jkb. 1:5.

NKM Ungwaru.

69a NKM Umambo

hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

b Mat. 16:19;

D&Z 65:2.

NKM Kiyi

dzeHupirisita.

70 ^aVapirisita ^bnevadzidzisi vachawana ^chutariri hwavo, kunyangwe senhengo

71 Uye magosa kana vapirisita vepamusoro avo vanosarudzwa kuti vayamure bhishopi semachinda muzvinhu zvose, mhuri dzavo dzinoriritirwa kubva mumidziyo ^ayakapirwa kuna bhishopi, kuti zviyamure varombo, uye nezvimwe zvinangwa, sezvataurwa kare;

72 Kana kuti vanotambira mubairo wakaenzanirana nekushanda kwavo, kana hutariri kana rimwewo basa, zvinenge zvafungwa kuti zvakafanira kana zvaitwa nevabatsiri nabhishopi.

73 Uye naiyewo bhishopi, achatambira zvekuti azviriritire kana mubairo wekushanda kwake kwose muchechi.

74 Tarisai, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti vanaani zvavo vari pakati penyu, vachinge varamba vamwe vavo nekuda ^akwehupombwe, kana kuti nemamwe mazwi, kana vakazopupura pamberi penyu mumwoyo wose wazvininipisa zvikuru kuti ndizvo zviripo, musazovabvisa pakati penyu;

75 Asi mukaona kuti pane vanhu vakasiya vamwe vavo pamusana ^apehupombwe, asi vari ivo vakatadza, uye vamwe vavo vachiri vapenyu, ^bvachabviswa pakati penyu.

76 Uye zvakare, ndinoti kwa-

muri, ^amurinde makachenjera, muchibvunzurudza zvose, kuti musagashire vakadaro pakati penyu kana vari vakarorana;

77 Uye kana vasina kuroorana, vanofanira kutendeuka kuzvitadzo zvavo zvose kana kuti imi hamuzovagashira.

78 Uye zvakare, wose munhu wechechi yino yaKristu, achachechedza nokuchengeta yose mirairo nezvibvumirano zvechechi.

79 Uye zvichaitika, kuti kana paina ani zvake pakati penyu ^aachauraya vachatorwa vonoiswa kwavanoitwa zviri maererao nemitemo yenyika; nokuti yeukai kuti haana ruregerero; uye zvinozoratidzwa maererao nemitemo yenyika.

80 Uye kana ani zvake murume kana mukadzi akaita hupombwe, iyeyo, murume kana mukadzi, achatongwa pamberi pemagosa maviri echechi, kana vano pfuura, uye rose shoko richamiswa mukumutonga nevapupuri vaviri vechechi, uye kwete vemuvengi; asi kana vakave vapupuri vanopfura vaviri ndizvo zvirinani.

81 Asi iye murume kana mukadzi achatongwa nemiromo yevapupuri vaviri; uye magosa achaisa nyaya yacho pamberi pechechi, uye chechi ichasimudzwa maoko mukusavatsigira,

70a NKM Mupirisita, Hupirisita hwaAroni.
 b NKM Mudzidzisi, Hupirisita hwaAroni.
 c NKM Mutariri.
 71a NKM Gadza, Mutemo

weruGadzo.
 74a NKM Kusanganana kusina kururama; Kusazvibata nehupombwe.
 75a NKM Hupombwe.

^b NKM Kubviswa Hunhengo.
 76a NKM Murindiri.
 79a NKM Kuponda.

kuti vagoitwa zviru maererano nemutemo waMwari.

82 Uye kana zvichibvira, zvinofanirwa kuti bhishopi avepowo.

83 Uye ndiko kuita kwamuchaita munyaya dzose dzichauya pamberi penyuru.

84 Uye kana murume kana mukadzi akaita hukororo, iyeyo anoiswa kumutemo wenyika.

85 Uye kana murume kana mukadzi akaba, iyeyo murume kana mukadzi anoiswa kumutemo wenyika.

86 Uye murume kana mukadzi akareva akareva, iyeyo mukadzi kana murume achaiswa kumuru rau wenyika.

87 Uye murume kana mukadzi akaita chitadzo chipi zvacho, iyeyo murume kana mukadzi achaiswa kumutemo, kunyange uyo waMwari.

88 Uye kana akamukoma wako kana hanzvadzi akakutadzira, unomutora pakati penyuru mega, mukoma iyeyo kana hanzvadzi, muri mega; uye kana mukoma kana hanzvadzi akareurura, muchasunungurana.

89 Uye kana mukoma kana

hanzvadzi akareurura uchamukoma iye mukoma kana hanzvadzi kuchechechi, kwete kunhengo, asi kumagosa. Uye izvi zvichaitirwa mumuchechechi, uye kwete pamberi penyuru.

90 Uye kana mukoma kana hanzvazi yako ikatadzira ru-zhinji, iyeyo mukoma kana hanzvadzi, akachangwa pamberi peruzhinji.

91 Uye kana paine atadza pachena, achatsiurwa pachena kuti iye, murume kana mukadzi anyare. Uye kana iyeyo murume kana mukadzi akareurura, iyeyo murume kana mukadzi anoendeswa kumutemo waMwari.

92 Kana paine atadza muruvande, iyeyo murume kana mukadzi achatsiurwa muruvande, kuti iyeyo murume kana mukadzi awane mukana wakareurura muruvande kune uyo murume kana mukadzi waatadzira, uye nekuna Mwari, kuti chechi irege kutaura zvekumutsiura iyeyo murume kana mukadzi.

93 Uye ndiko kuita kwamuchaita muzvinhu zvose.

CHIKAMU 43

Zvakazarurwa zvakapirwa kuburikidza na Joseph Smith Muporofita, pa-Kirtland, Ohio, muna Kukadzi 1831 (History of the Church, 1:154-156). Panguva iyi dzimwe nhengo dzeChechi dzakanga dzichikanganiswa nevamwe vakaitaura zvenhema vachiti vazaruri. Muporofita akabvunza kuna Ishe uye vakatambira mazwi aya akanga akanangana nemagosa eChechi. Chidimu chekutanga chinobata nezve nyaya dzematongerwo eChechi; chechipiri chinopa yambiro yekuti magosa anofanira kupa kumarudzi nyika.

85a NKM Kuba.

86a NKM Anovimbika;
Kunyepa.

88a NKM Hama;

Hanzvadzi.
b Mat. 18:15-17.

c NKM Reurura,
Reururo.

90a NKM Kuranga.

1-7, *Zvakazarurwa nemirairo zvinouya chete kuburikidza neuyo akadomwa*; 8-14, *Vatendi vano-tsveneswa kuburikidza nokufamba muutsvene hwose pamberi paIshe*; 15-22, *Magosa anotumwa kuti anodaidzira kutendeuka uye nokugadzirisa vanhu kuzuwa guru raIshe*; 23-28, *Ishe vanodaidza vanhu nezwi ravo uye nokuburikidza nemasimba enyika*; 29-35, *Mereniamu nekusungwa kwa-Satani zvichauya*.

TERERAI, imi magosa echechi yangu, uye mupe nzeve kumazwi andichataura kwamuri.

2 Nokuti tarisai, zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, kuti magashira murairo uchave ^amutemo muchechi yangu, kuburikidza naiye uyo wandakakudomerai kuti agashire ^bmirairo nezvakarurwa kubva muruoko rwangu.

3 Uye izvi muchazviva zvechokwadi—kuti hakuna mumwezve wamakadomerwa kuti agashire mirairo nezvakarurwa kudakara atorwa, kana ari ^aanogara mandiri.

4 Asi zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, ^ahakuna mumwezve achadomwa kuchipo ichi kunze kwekunge zvaitwa kuburikidza naiye; nokuti kana chikabviswa kwari haazowana simba kunze

kwekutodoma mumwe panzvimbonye yake.

5 Uye izvi zvichave mutemo kwamuri, kuti hamuzogashira dzidziso yaani zvake achauya pamberi penyuru sezvakazarurwa kana semurairo;

6 Uye izvi ndinokupai kuti ^amusazonyengedzwa, kuti mugoziva kuti havasi vekwangu.

7 Nokuti zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti uyo ^aakagadzwa neni achapinda ^bnepasuwo uye ozogadzwa sekukutaurirai kwandaita kare, kuzodzidzisa izvo zvakarurwa zvamakagashira uye zvamuchagashira kuburikidza naiye wandakadoma.

8 Uye zvino tarisai, ndinokupai murairo, kuti kana maungana pamwechete ^amuchadzidzisa nekusimudzirana, kuti mugoziva zvekuita nekutungamira chechi yangu, zvekuita pamusoro pemitemo nemirairo yangu, iyo yandakapa.

9 Uye muchave makadzidziswa mumutemo wechechi yangu, uye ^amugocheneswa neicho chamagashira, uye muchazvisunga mega kuti mushande neutsvene hwose pamberi pangu—

10 Kuti kana muri munoita izvi, kubwinya ^akuchapamhizirwa paumambo hwamakagashira. Kana musiri kuzviita, ^bzvichabviswa, kunyangwe neichocho chamakagashira.

43 2a D&Z 42.
b NKM Mirairo yaMwari; Zvakazarurwa.
3a Joh. 15:4.
4a D&Z 28:2-3.

6a D&Z 46:7.
NKM Hunyengedzi.
7a NKM Gadza.
b Mat. 7:13-14;
2 Ni. 9:41; 31:9, 17-18;
3 Ni. 14:13-14;

D&Z 22:1-4.
8a D&Z 88:77.
9a NKM Kutsveneswa.
10a Aruma 12:10.
b Marko 4:25.

11 Bvisai “kutadza kuri mukati menyu; zvichenesei pamberi pangu;

12 Uye kana muchida kubwinya kweumambo, domai muranda wangu Joseph Smith, Mwana, uye “momutsigira pamberi pangu nemunamoto werutendo.

13 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, kana muchida “zvakanzika zveumambo, mupei zvekudya nezvipfeko, kana nechose zvacho chaanoda kuti aite basa randakamuraira;

14 Uye mukasazviita acharamba ari kune avo vakamugashira, kuti ini ndizvichengetere vanhu “vakachena pamberi pangu.

15 Zvakare ndinoti, teerera imi magosa echechi yangu, imi vandakasarudza: Hamuna kutumirwa kuti muzodzidziswa, asi kuti “mudzidzise vana vevanhu zvinhu zvandakaisa mumaoko enyu nesimba ^breMweya wangu;

16 Uye “muchadzidziswa kubva kumusoro. ^bZvichenesei, uye muchava ^cmunopihwa simba, kuti mugopa kunyangwe sekutaura kwandakaita.

17 Teerai imi, nokuti tarisai, “zuva ^bguru ralshe rave pedyo.

18 Nokuti zuva riri kuuya rekti Ishe vachataura “izwi ravo richibva kudenga; matenga ^bachazunguzika uye nyika ^cichadedera, uye ^dhwamanda yaMwari icharira kwenguva refu neruzha, uye vachati kumarudzi akarara: Imi vatsvene ^emukai murarame; imi vatadzi ^fgarayi uye ^gmurare kudakara ndadzoka zvakare.

19 Nokudaro sungira nguwo dzako muchiuno potse mungawanikwe muri mukati mavaikaipa.

20 Simudzai mazwi enyu musanyarare. Daidzirai kumarudzi kuti atendeuke, vose vakuru nevadiki, vose vakasungwa nevakasununguka, muchiti: Zvigadzirirei kuitira zuva guru ralshe;

21 Nokuti kana ini, anove munhu, ndichisimudza izwi uye ndichikudaidzai kuti mutendeuke, uye imi mondivenga, muchazoti chii kana zuva rauya apo “mabhanan’ana achataura mazwi aya kubva kumagumo enyika, achitaura kunzeve dzeavo vose vapenyu, achiti—Tendeukai, uye mugadzirire zuva guru ralshe?

22 Hongu, uye zvakare, kana mheni dzopenya kubva kuma-

11a NKM Chitadzo.

12a NKM Kutsigira
Vatungamiri
veChechi.

13a NKM Zvakavandika
zvaMwari.

14a NKM Chakachena.

15a NKM Basa
reKushmira.

^b NKM Dzidzisa—
Kudzidzisa
neMweya.

16a NKM Kutunhwa.

^b NKM Kutsveneswa.

^c Ruka 24:49;
D&Z 38:32; 95:8–9;
110:8–10.

17a Mara. 4:5;

D&Z 2:1; 34:6–9.

^b D&Z 29:8.

NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

18a Joere 2:11;

D&Z 133:50.

^b Joere 2:10; 3:16;

D&Z 45:48.

^c D&Z 88:87.

^d D&Z 29:13; 45:45.

^e NKM Kumuka
Kuvakafa.

^f D&Z 76:85;
88:100–101.

^g Morm. 9:13–14.

21a 2 Ni. 27:2;
D&Z 88:90.

bvazuva dzichienda kumado-
kero, uye dzichitaura mazwi
adzo kune vose vapenyu, uye
dzichiita kuti dzose nzeve
dzisekenyedzeke dzeavo vari
kunzwa, dzichitaura mazwi
aya—Tendeukai imi, nokuti
zuva guru ralshe rauya?

23 Uye zvakare, Ishe vachata-
ura izwi ravo richibva kudenga,
achiti, Teererai imi marudzi
enyika, uye munzwe mashoko
eavo Mwari vakakusikai.

24 Imi marudzi enyika, ka-
ngani kandingadai ndakakuu-
nganidzai pamwechete “sehuku
inounganidza hukwana dzayo
pasi pemapiro ayo, asi imi
^bmairamba!

25 Kangani “ndichikudaidzai
nemiromo ^byevaranda vangu,
uye ‘nokushumira kwengirozi,
uye nezwi rangu pachangu,
uye nezwi remabhanan’ana,
uye nezwi remheni, uye nezwi
remadutu, uye nezwi reku-
ndengendeka kwenyika, uye
nemvura huru ine zvimvura-
mabwe, uye nezwi ^drenzara
uye nezvirwere zveamarudzi
ose, uye nekuridzwa kukuru
kwehwamanda, uye nezwi re-
kutonga, uye nezwi ^eretsitsi
muswere wose wezuva, uye
nezwi rekubwinya nerukudzo

uye neupfumi hweupenyu hwo-
kusingaperi, uye ndingadai
ndakakuponesai ^fneruponeso
rwusingaperi, asi hamuna kuda!

26 Tarisai, zuva rauya, apo
mukombe wehasha dzangu
nekushatirwa kwangu wazara.

27 Tarisai, zvirokwazvo ndi-
noti kwamuri, kuti aya mazwi
aIshe Mwari venyu.

28 Nokudaro, “shandai imi,
shandai imi mumunda wangu
wemuzambiringa kwenguva ye-
kupedzisira—kwenguva ye-
kupedzisira daidzirai vagari
vepasi.

29 Nokuti mukusvika kwengu-
va yangu “ndichauya pasi mu-
nyika mukutonga, uye vanhu
vangu vachadzikinurwa uye
vagotonga neni panyika.

30 Nokuti “Meremiamu huru
iyo yataurwa nemiromo yeva-
randa vangu, ichauya.

31 Nokuti “Satani ^bachasu-
ngwa, uye paachazosunungu-
rwa zvakare achazotonga kwe-
mwaka ^cmudiki, uye kobva
kwauya ^dkuguma kwenyika.

32 Uye uyo anogara “mukuru-
rama ^bachashandurwa muku-
bwaira kweziso, uye nyika
ichapfuura sekupiswa nemoto.

33 Uye vakaiipa vachaenda
“mumoto usingadzimike, uye

24a Mat. 23:37;
3 Ni. 10:4–6.

^b NKM Hupanduki.

25a Hir. 12:2–4.

^b Mat. 23:34.

NKM Muporofita.

^c D&Z 7:6; 130:4–5.

^d Jer. 24:10; Amosi 4:6;
D&Z 87:6;

JS—Mat. 1:29.

^e NKM Anetsitsi.

^f NKM Upenyu

Hwokusingaperi;
Asingafe; Ruponeso.

28a Jak. 5:71; D&Z 33:3.

NKM Munda
wemizambiringa
waIshe.

29a NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

30a NKM Meremiamu.

31a 1 Ni. 22:26.

NKM Dhiabhorosi.

^b D&Z 45:55; 84:100;
88:110.

^c Zvaka. 20:3;
Jak. 5:77; D&Z 29:22.

^d NKM Nyika—
Kuguma kwenyika.

32a NKM Akarurama.

^b I VaKori. 15:51–52;
D&Z 63:51; 101:31.

NKM Kumuka
Kuvakafa.

33a Mat. 3:12.

magumo avo hapana munhu anoziva munyika, kana achazoziva nariini, kudakara vauya kwandiri ^bmukutongwa.

34 Teerera imi kumazwi aya. Tarisai, ndini Jesu Kristu, ^aMuponesi wenyika. ^bKoshesai

zvinhu izvi mumwoyo yenyu, uye morega ^akuera kwekusingaperi ^akugare ^amupfungwa dzenyu.

35 Ivai ^amakadzikama. Chengetai mirairo yangu yose. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 44

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita naSidney Rigdon, paKirtland, Ohio, mukupera kwaKukadzi 1831 (History of the Church, 1:157). Mukuita chaidiwa chakatsanangurwa pano, Chechi rakasarudza kuti kuitwe muchechi mukuru mukutanga kwaChikumi waitevera.

1-3, *Magosa anofanira kuungana mumusangano mukuru; 4-6, Vanofanira kuronga maererano nemitemo yenyika uye nokuchengeta varombo.*

TARISAI, ndikokutaura kwa-Ishe kwamuri varanda vangu, zvakakodzera kwandiri kuti magosa echechi yangu anofanira kudaidzwa pamwechete, kubva kumabvazuva nekubva kumadokero, nekubva kuchamhembe, nekubva kumadodzanyemba, netsamba kana neimwe nzira.

2 Uye zvichaitika, kuti sekute ndeka kwavachange vakaita, uye vachishandisa rutendo mandiri, ndichadurura ^aMweya wangu pavari muzuva iro ravachaungana pamwechete.

3 Uye zvichaitika kuti vachae-

nda kumatunhu mamwe akatenderedza, uye ^avachiparidza kutendeuka kuvanhu.

4 Uye vazhinji ^avachatendeutswa, zvekuti muchawana simba rekuzvirongera ^bmaererano nemitemo yevanhu;

5 Kutu ^avavengi venyu varege kuva nesimba pamusoro penyu; kuti muve munochengetedzwa muzvinhu zvose; kuti mugoneswe kuchengeta mitemo yangu; kuti zvose zvinosunga zvidamburwe izvo muvengi anotsvakisa kuparadza vanhu vangu.

6 Tarisai ndinoti kwamuri, munofanira kuti ^amushanyire varombo nevanoshaya uye nokushandira kuvasunungura, kuti vachengetwe kudakara zvinhu zvose zvaitwa maererano nemutemo wangu uyo wamakatambira. Amen.

33b NKM Jesu Kristu—
Mutongi.

34a NKM Muponesi.

b JS—Mat. 1:37.

c D&Z 84:61; 100:7-8.

d NKM Fungisisa.

e NKM Pfungwa.

35a VaR. 12:3;

D&Z 18:21.

44 2a Mabasa 2:17.

3a NKM Paridza.

4a NKM Kupinduka.

b D&Z 98:5-7.

5a 2 Ni. 4:33.

6a Jkb. 1:27.

NKM Kunzwa Tsitsi;
Ruyamuro.

CHIKAMU 45

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuChechi, paKirtland, Ohio, 7 Kurume 1831 (History of the Church, 1:158-163). Achisuma zvinyorwa zvezvakazarurwa izvi, Muporofita akati “panguva iyoyi yeChechi . . . zvizhinji zvenhema . . . uye nenyaya dzisina maturo, dzakange dzashambadzwa . . . dzikatimirwa, . . . kuitira kudziwirira vanhu kuti vasaongorore basa iri, kana kugashira chitendero Asi kumufaro weVatendi, . . . ndakagashira zvinotevera” (History of the Church, 1:158).

1-5, Kristu ndiye murevereri wedu kuna Baba; 6-10, Vhangeri mutumwa wekugadzira nzira pamberi paIshe; 11-15, Enoki nehama dzake vakagashirwa naIshe kwavari; 16-23, Kristu akaratidza zviratidzo zvekuuya kwake sekupihwa kwazvakaitwa paGomo reMiorivhi; 24-38, Vhangeri richadzorerwa pakare, nguva dzeMaJentairi dzichazadzikiswa, uye chirwere chinoparadza chichazara panyika; 39-47, Zviratidzo, zvishamiso, uye neku-muka kuvakafa zvichavepo pa-Kuuya Kwechipiri; 48-53, Kristu achamira paGomo reMiorivhi, uye maJuda achaona maronda ake ari mumaoko ake nekutsoka; 54-59, Ishe vachatonga munguva ye-Mereniamu; 60-62, Muporofita anoudzwa kuti atange kududzira Testamente Itsva, kuburikidza nayo zvimwe zvinokosha zvichaziviswa; 63-75, Vatendi vanoudzwa kuti vaungane uye kuti vavake Jerusarema Idzva, uko kuchaenda vanhu vemarudzi ose.

TEEERERAI, imi vanhu “vechechi yangu, iyo yakapihwa ^bumambo; teerera imi uye mupe nzeve kuna iye akaisa hwaro hwenyika, uyo ‘akaita matenga uye nemhomo dzirimo, uye zvinhu zvose zvakaitwa naiye zvipenyu zvinofamba, uye zvine chimiro.

2 Uye vakare ndinoti, teerera kuzwi rangu, kuti musawanikidzwe “nerufu; ^bmunguva yamusingafungire, zhizha rinenge rapfuura, uye ‘kukohwa kwapera, uye mweya yenyu isina kuponeswa.

3 Teerera kwaari anove ndiye “murevereri kuna Baba, ari kukumbirirai pamberi pavo—

4 Achiti: Baba, tarisai “kutambudzika nerufu rwake kweuyo asina kuita ^bchitadzo, wamakafara kwazvo naye; tarisai ropa reMwanakomana wenyu iro rakadeurwa, ropa reuyo wamakapa kuti imi ‘mugorumbidzwa;

45 1a NKM Chechi yaJesu Kristu.
b D&Z 50:35.
c Jer. 14:22;
3 Ni. 9:15;
D&Z 14:9.

NKM Sika.
2a Aruma 34:33-35.
b Mat. 24:44.
c Jer. 8:20;
D&Z 56:16.
NKM Mukoho.

3a D&Z 62:1.
NKM Mumiririri.
4a D&Z 19:18-19.
NKM Dzikinura.
b VaH. 4:15.
c Joh. 12:28.

5 Nokudaro, Baba, regererai idzi hama dzangu idzo ^adzinotenda muzita rangu, kuti dzigouya kwandiri uye dziwane upenyu ^bhwusingaperi.

6 Teerera, imi vanhu vechechi yangu, uye nemi magosa teerera pamwechete, uye munzwe izwi rangu achirikunzi ^anhasi, uye musaomese mwoyo yenyu;

7 Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri ndini ^aArfa naOmega, mavambo namagumo, chiedza neupenyu hwenyika—^bchiedza chinopenya murima uye rima racho harichinzwisise.

8 Ndakauya kune vekwangu, uye vekwangu havana kundigashira; asi kune vakawanda vakandigashira ndakavapa ^asimba rekuti vaite ^bzvishamiso zvizhinji, uye nekuti vave ^cvanakomana vaMwari; uye kunyangwe kune avo ^dvakatenda kuzita rangu ndakavapa simba rekuti vawane upenyu ^ehwo-kusingaperi.

9 Uye kunyangwe naizvozvo ndakatumira ^achibvumirano changu ^bchisingaperi munyika, kuti chive chiedza kunyika, uye kuti chive ^crupawo rwevanhu vangu, uye kuti ^dmaJentairi vachitsvake kwachiri, uye no-kuve ^emutumwa pamberi pe-

chiso changu kugadzirira nzira pamberi pangu.

10 Nokudaro, uyai imi kwachiri, uye kune uyo achauya ndichataura naye sezvaitwa nevanhu mumazuva akare, uye ndinokuratidzai ^akusimba kwekufunga kwangu.

11 Nokudaro, teerera imi pamwechete uye murege ndikuratidzei kunyangwe huchenjeri hwangu—huchenjeri hweuyo wamunoti ndiMwari ^avaEnoki, uye nehama dzake,

12 Avo ^avakapatsanurwa kubva munyika, uye vakagashirwa kwandiri—^bguta rachengetedzwa kudakara zuva rekururama rauya—zuva raitsvagwa nevole varume vatsvene, uye havana kuriwana pamusana pehuipi nezvinyangadzo;

13 Uye vakareurura kuti ^avatorwa nevanamati pano panyika;

14 Asi vakawana ^achivimbiso chekuti vachariona uye vagoriwana munyama yavo.

15 Nokudaro, teerera ndigotaurirana nemi, uye ndigotaura kwamuri uye nokuporofita, sezvaitwa nevanhu vekare.

16 Uye ndichazviratidza pache-na ^asekuratidza kwandakariita

5a D&Z 20:25; 35:2; 38:4.

b Joh. 3:16.

6a VaH. 3:13;

D&Z 64:23–25.

7a Zvaka. 1:8; 21:6;

D&Z 19:1.

b Joh. 1:5.

8a Mat. 10:1.

NKM Simba.

b NKM Chishamiso.

c NKM Vanakomana neVanasikana

vaMwari.

d NKM Daira; Rutendo.

e D&Z 14:7.

9a Jer. 31:31–34;

Morm. 5:20.

b NKM Chibvumirano

Chitsva uye

Chisingaperi.

c 2 Ni. 29:2.

d Isa. 42:6;

2 Ni. 10:9–18.

e Mara. 3:1.

10a Isa. 41:21;

D&Z 50:10–12.

11a Mos. 7:69.

12a dJS, Gen. 14:30–34;

D&Z 38:4; Mos. 7:21.

b Mos. 7:62–64.

NKM Zioni.

13a VaH. 11:13; I Pet. 2:11.

14a VaH. 11:8–13;

Mos. 7:63.

16a Mat. 24; Ruka 21:7–36;

JS—Mat. 1.

kuvadzidzi vangu zvandakange ndimire pamberi pavo munyama, uye ndichitaura kwavari, ndichiti: Sezvo mandikumbira pamusana ^bpezviratidzo zvekuuya kwangu, muzuva iro randichauya mukubwinya kwangu mumakore edenga, kuzadzikisa zvivimbiso zvandakaita kumadzibaba enyu,

17 Sezvo makatarisa “kushaikwa ^bkwemweya yenyu kwenyanga refu isiri mumuviri yenyu, sehusungwa, ndichakuratifidzai kuti richauya sei zuva rerununuro, uyewo ‘nekudzorerwa pakare kweIsraeri ^dyakapararira.

18 Uye zvino imi munoona temberi iyi iri muJerusarema, iyo yamunodaidza kuti imba yaMwari, uye vavengi venyu vanoti izvo imba iyi haife yakapuzika.

19 Asi, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kuparadzwa kuchauya pachizvarwa chino semba vha husiku, uye vanhu ava vachaparadzwa uye vagopararira mumarudzi ose.

20 Uye iyi temberi yamuri kuona zvino ichapuzirwa pasi zvekuti hapana dombo richasara riri pamusoro perimwe.

21 Uye zvichaitika, kuti chizvarwa chino chemaJuda hachizo-

pfuura kudakara kuparadzwa kwose kwandakutaurirai mae-rerano navo kwapfuura.

22 Munoti munoziva kuti “kuguma kwenyika kuri kuuya; munotiwo zvakare imi munoziva kuti matenga nyenika zvichapfuura;

23 Uye muneizvi munotaura chokwadi, nokuti ndizvo zva-zviri; asi zvinhu zvandakutaurirai hazvizopfuura kudakara zvose zvazadzikiswa.

24 Uye izvi ndakutaurirai mae-rerano neJerusarema; uye apo pachauya iroro zuva, chidimu chakasara “chichaparadzirwa mukati memarudzi;

25 Asi “vachaunganidzwa zvakare; asi vachagara vakadaro kudakara nguva ^byemaJentairi yazadzikiswa.

26 Uye muzuva “iroro muchanzwikwa ^bzvehondo uye nerunyerekupe rwehondo, uye pasi rose richave nyonga-nyonga, uye mwoyo yevanhu ‘ichavakurira, uye vachati Kristu ari ^dkunonoka kuuya kwake kudakara kuguma kwenyika.

27 Uye rudo rwevanhu rwuchagwamba kutonhora, uye huipi huchawanda.

28 Uye kana nguva “yemaJentairi yapinda ^bchiedza chichaita pakati pavo avo vagere

16b NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

17a D&Z 138:50.

b NKM Mweya.

c NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

d 1 Ni. 10:12–14.

NKM Israeri—

Kupararira kwa
Israeri.

22a NKM Nyika—
Kuguma kwenyika.

24a 2 Ni. 25:15.

25a Neh. 1:9;
Isa. 11:12–14;
1 Ni. 22:10–12;
2 Ni. 21:12–14.

b Ruka 21:24.

26a NKM Mazuva

Ekupedzisira.

b D&Z 87; JS—Mat. 1:23.

c Ruka 21:26.

d II Pet. 3:3–10.

28a 1 Ni. 15:13.

b NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu;
Kudzorerwa pakare
kweVhangeri.

murima, uye chichave kuzara kwevhangeri rangu;

29 Asi ^ahavarigashire; nokuti havaone chiedza, uye vanobvisa ^bmwoyo yavo kwandiri pamusana ^cpemirairo yevanhu.

30 Uye muchizvarwa ichocho nguva yemaJentairi ichazadzikiswa.

31 Uye kuchave kuine varume vakamira muchizvarwa ichocho, vasisazopfuure kudakara vaona ^ashamhu huruhuru; nokuti chirwere chinoparadza chichafukidza nyika.

32 Asi vadzidzi vangu ^avachamira munzvimbo tsvene, uye vasingazobva; asi pakati pevakaipa, vanhu vachasimudza mazwi avo uye ^bvotuka Mwari vobva vafa.

33 Uye kuchave ^anekundenge-deka kwenyika zvakare munzvimbo dzakasiyana-siyana, uye nokuparadzwa kwakawanda; zvakadaro vanhu vachao-mesa mwoyo yavo kwandiri, uye vachatora ^bmunondo, vachirwisana, uye vachaurayana.

34 Uye zvino, apo ini Ishe ndakange ndabva kutaura mazwi aya kuvadzidzi vangu, vakanetsekana.

35 Uye ndakati kwavari: ^aMusanetseke, nokuti, pachaitika zvose zvinhu izvi, muchazoziv-

va kuti zvivimbiso zvakaitwa kwamuri zvichazadzikiswa.

36 Uye chiedza pachichatanga kuuya, zvichaita kwavari serungano rwemufananidzo uyu wandichakuratidzai—

37 Munotarisa mugoona miti ^ayemikuyu, uye munoiona nemaziso enyu, uye munoti kana yave kutanga kupfumvura, uye mashizha ayo achiri matete, munoti zvino zhizha rave pedyo;

38 Kunyangwe saizvozvo ndizvo zvazvichange zvakaita muzuva iro ravachaona zvinhu zvose izvi, ndipo pavachaziva kuti nguva yave pedyo.

39 Uye zvichaitika kuti uyo ^aanonditya ^bachatarisira kuti ^czuva guru ralshe riuye, kunyangwe ^dzviratidzo zvekuuya ^ekweMwanakomana weMunhu.

40 Uye vachaona zviratidzo nezvishamiso, nokuti zvicharatidzwa kumatenga kumusoro, uye nemunyika pasi.

41 Uye vachaona ropa, ^anemoto, uye nemhute yehutsi.

42 Uye zuva ralshe risati rauya, ^azuva richasvibiswa, uye mwedzi uchapindurwa kuita ropa, uye nyenyedzi dzichadonha kubva kudenga.

43 Uye vakasara vachaunganidzwa panzvimbo ino;

44 Uye ipapo vachanditsvaka,

29a Joh. 1:5.

b Mat. 15:8–9.

c D&Z 3:6–8; 46:7;

Nh—JS 1:19.

31a D&Z 5:19–20;
97:22–25.

32a D&Z 101:21–22, 64.

b Zvaka. 16:11, 21.

33a D&Z 43:18; 88:87–90.

b D&Z 63:33.

35a Mat. 24:6.

37a Marko 13:28;

Ruka 21:29–31.

39a D&Z 10:55–56.

NKM Kutya—Kutya

Mwari; Anoteerera.

b II Pet. 3:10–13;

D&Z 35:15–16;

Mos. 7:62.

c NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu Kristu.

d NKM Zviratidzo zveNguva.

e NKM Mwanakomana weMunhu.

41a D&Z 29:21; 97:25–26.

42a Joere 2:10;

Zvaka. 6:12;

D&Z 88:87; 133:49.

tarisai, ndichauya; uye vachandiona ndiri mumakore edenga, ndakashongedzwa simba uye “nokubwinya kukuru; nengirozi dzose tsvene; uye ^basingazonditarisiri achadimburwa.

45 Asi ruoko rwaIshe rwusati rwawa, ngirozi icharidza “hwa-manda yayo, uye vatsvene vange vakarara ^bvachauya kuzosangana neni ^cmumakore.

46 Nokudaro, kana mange makarara “murunyararo makaropafadzwa imi; nokuti sekundiona kwamuri kuita iye zvino uye nokuziva kuti ndini, kunyangwe saizvozvo ^bmuchauya kwandiri uye mweya yenyu ^cichararama, uye kununurwa kwenyu kuchakwaniswa; uye vatsvene vachauya kubva kumativi mana epasi.

47 Ipapo “ruoko rwaIshe rwuchawira pamusoro pemarudzi.

48 Uye zvino Ishe vachaisa tsoka yavo “pagomo rino, uye richatsemuka nepakati, uye nyika ^bichadedera, uye igovheya, uye kana matenga ^cachazunguzukawo.

49 Uye Ishe vachataura izwiravo, uye kumiganhu kwose kwenyika richanzwika; uye marudzi epasi “achachema, uye

avo vaiseka vachaona kukaniganisa kwavo.

50 Uye nhamo ichaputira nyakushora, uye mutuki achaparadzwa; uye vakagarira kuipa vachatemwa vachikandwa mumoto.

51 Uye ipapo “maJuda ^bvachatarisa pandiri uye voti: Ko maronda aya ari mumaoko uye nemutsoka dzako ndeei?

52 Ipapo ndipo pavachaziva kuti ndini Ishe; nokuti ndichati kwavari: Maronda aya ndiwo maronda “andakakuvadzwa nawo ndiri mumba meshamwari dzangu. Ndini iye akasimudzwa. Ndini Jesu ^bakarovererwa. Ndini Mwanakomana waMwari.

53 Uye ipapo ndipo “pavachachema nokuda kwekuipa kwavo; zvino ndipo pavachakungura nokuti vakatambudza ^bmambo wavo.

54 Uye ndopachanunurwa marudzi “evahedheni, uye avo vakanga vasingazive mutemo vachawana mukana ^bmukumuka kuvakafa kwekutanga; uye zvichave ^czvirinani kwavari.

55 Uye “Satani ^bachasungwa, zvekuti haazowane nzvimbo mumwoyo yevana vevanhu.

44a NKM Jesu Kristu—
Kubwinya kwaJesu Kristu.
b Mat. 24:43–51;
Marko 13:32–37.
45a D&Z 29:13; 43:18.
b D&Z 88:96–97.
NKM Kumuka
Kuvakafa.
c I VaT. 4:16–17.
46a Aruma 40:12.
b Isa. 55:3.

c NKM Upenyu
Hwokusingaperi.
47a D&Z 1:12–16.
48a Zek. 14:4.
b D&Z 43:18; 88:87.
c Joere 3:16;
D&Z 49:23.
49a D&Z 87:6.
51a NKM majuda.
b Zek. 12:10.
52a Zek. 13:6.
b NKM Kuroverwa.

53a Zvaka. 1:7.
b Ruka 23:38;
Joh. 19:3, 14–15.
54a Ezk. 36:23; 39:21.
b NKM Kumuka
Kuvakafa.
c D&Z 75:22.
55a NKM Dhiabhorosi.
b Zvaka. 20:2;
1 Ni. 22:26;
D&Z 43:31; 88:110.

56 Uye “muzuva iroro randi-chauya ndiri mukubwinya kwangu, ndimo muchazadzikiswa rungano rwemufananidzo urwo rwandakataura pamusoro ^bpe-mhandara dzine gumi.

57 Nokuti avo vakangwara uye vakagashira “chokwadi, uye vakatora Mweya Mutsvene kuti ^buvatungamire, uye vasati “vanyengedzwa — zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hazvazotemwa uye vachikandwa “mumoto, asi kuti vachagara muzuva iroro.

58 Uye “nyika ichapihwa kwavari ^bsenhaka; uye vachapamhidzirwa uye vagowanda zvikuru, uye vana “vachakura vasina chitadzo “kuruponeso.

59 Nokuti Ishe vachave “pakati pavo, uye kubwinya kwavo kuchave pavari, uye anenge ari mambo wavo uye ^bnemupi wemutemo wavo.

60 Uye zvino tarisai, ndinoti kwamuri, hazvichapihwa kwamuri kuti muzive zvinopfuura izvi pamusoro pechitsauko chino, kudakara Testamente “Itsva yadudzirwa, uye mairi zvose zvinhu izvi zvichaitwa kuti zvizivikanwe;

61 Nokudaro ndinopa kwa-

muri kuti zvino muchiidudzira, kuti mugadzirire zvinhu zvichauya.

62 Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, zvinhu zvikuru zvakakumirirai;

63 Munonzwa “nezvehondo munyika dzevatorwa; asi tarisai, ndinoti kwamuri, dziri pedyo, kunyangwe pamisiwo yenyu, uye kusina makore mazhinji kubvira zvino muchanzwa nezvehondo munyika menyu.

64 Nokudaro ini Ishe, ndakataura kuti unganai muchibva kunyika dziri “kumabvazuva, unganidzanai imi pamwechete imi magosa echechi yangu; endai kunyika dzekumadokero, daidzirai kuvagari vemo kuti vatendeuke, maererano noku-tendeuka kwavanenge vaita vakai machechi kwandiri.

65 Uye nemwoyo mumwechete nepfungwa imwechete, unganidzai ufumi hwenyu kuti “mugotenga nhaka iyo yamuchapihwa pashure.

66 Uye ichazoidzwa kunzi Jerusarema “Idzva, ^bnyika “yerunyararo, guta “rekupotera, nzvimbo isina chekutya yevatsvene vaMwari wePamusoro-soro;

56a NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.
b Mat. 25:1–13;
D&Z 63:54.
57a NKM Chokwadi.
b NKM Mweya
Mutsvene.
c JS—Mat. 1:37.
d D&Z 29:7–9; 63:34;
64:23–24; 101:22–25.
58a NKM Mereniamu.

b Mat. 5:5.
c D&Z 63:51; 101:29–31.
d NKM Ruponeso.
59a D&Z 29:11; 104:59.
b Gen. 49:10;
Zek. 14:9;
D&Z 38:21–22.
60a Dudziro yaJoseph
Smith (DJS). Onawo
Zvikamu kubva
kuDudziro yaJoseph
Smith yeBhaibheri.

63a D&Z 38:29;
87:1–5; 130:12.
64a D&Z 42:64.
65a D&Z 63:27.
66a Eta 13:5–6;
Mos. 7:62;
Mis. yeCh. 1:10.
NKM Jerusarema
Idzva; Zioni.
b D&Z 57:1–3.
c NKM Runyararo.
d Isa. 4:6; D&Z 115:6.

67 Uye “kubwinya kwaIshe kuchavepo, uye nokutyisa kwaIshe naikowo kuchavepo, zvekuti vakaipa havazouya kwairi, uye ichadaidzwa kunzi Zioni.

68 Uye zvichaitika pakati pevakaipa, kuti wose munhu asingazotora munondo wake kurwisa muvakidzani wake anotofanira kutizira kuZioni kuti apone.

69 Uye “kuchaungana mairi vanobva kurudzi rwose rwose rwuri pasi pedenga; uye vachave vanhu chete vanenge vasina hondo pakati pavo.

70 Uye zvichanzi pakati pevakaipa: Ngatiregei kunorwa neZioni, nokuti vagari veMuZioni vanotyisa; nokudaro hatingamire.

71 Uye zvichaitika kuti vakarurama vachaunganidzwa vachi-

bva mukati memarudzi ose, uye vachiuya kuZioni, vachiimba nziyo dzerufaro kusingaperi.

72 Uye zvino ndinoti kwamuri, chengetai zvinhu izvi kuti zvisapararire munyika kudakara zvafanira kwandiri, kuti mugoita basa iri pamberi pevangu, uye nemumaziso evavengi venyu, kuti varege kuziva mabasa enyu kudakara maita icho chinhu chandakakurairai;

73 Kutu pavachazozviza, kuti vagozvifunga zvinhu izvi.

74 Nokuti apo Ishe pavachonekwa “vachatyisa kwavari, zvekuti kutya kuchavabata, uye vachamirira kure uye vachibvunda.

75 Uye ose marudzi achatya nokuda kwekutyisa kwaIshe, uye nesimba ravo guru. Kunyange saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 46

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuChechi, paKirtland Ohio, 8 Kurume 1831 (History of the Church, 1:163-165). Munguva iyi yekutanga kweChechi, tsika imwechete yekutungamira misangano yeChechi yakanga isati yaronga. Zvisinei, tsika yekubvumira nhengo chete neavo vaive neshungu chaidzo dzekuziva zveChechi, kuti vapinde mumichechi yesakaramende nemamwe magungano eChechi zvakange zvave zvinhu zvaitwa. Chakazarurwa chino chinotaura chido chaIshe maererano nekutonga nokutungamira michechi.

1-2, Magosa vanofanira kutungamira michechi sekutungamirwa kwavanoitwa neMweya Mutsvene; 3-6, Vatsvagi vechokwadi havafanire kubviswa mumichechi yesakaramende; 7-12, Kumbirai

kuna Mwari uye mutsvage zvipo zveMweya; 13-26, Kuverengwa kwezvimwe zvezvipo izvi kunopihwa; 27-33, Vatungamiri veChechi vanopihwa simba rekuona zvipo zveMweya.

67a D&Z 64:41-43;
97:15-18.
NKM Jesu Kristu—

Kubwinya kwaJesu
Kristu.
69a Deut. 30:3;

Jer. 32:37-39;
D&Z 33:6.
74a Zef. 2:11.

TEEERERAI, imi vanhu vechechi yangu; nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri zvinhu izvi zvakataurwa kwamuri kuti “zvikipundutsei nekukudzidzisi.

2 Asi kana dai zvazvo paine izvo zvinhu zvakanyorwa, zvagara zviri zvakapihwa “kumagosa echechi yangu kubvira pakutanga, uye zvichagara zvakadaro, ^bkutungamira michечи sekutungamirwa nokuraitidzwa kwavanoitwa neMweya Mutsvene.

3 Zvisinei munorairwa kuti “musazodzinga ani zvake panze pemichechi yenyu yeruzhinji, iyo inoitwa pamberi penyika.

4 Munorairwawo kuti musaburitse ani zvake “wechechi mumisangano yenyu yesakaramende; zvakadaro, kana paine akanganisa, muitei kuti ^basadye sakaramende asati ayananiswa.

5 Uye zvakare ndinoti kwamuri, hamuzobvisa ani zvake mumichechi yenyu yesakaramende anenge achitsvaga nemwoyo wake wose umambo—ndiri kutaura izvi maererano neavo vanenge vasiri vechechi.

6 Uye zvakare ndinoti kwamuri, maererano nemichechi yenyu “yekusimbisa, kuti pai-

ne mumwe asiri wechechi, ari kutsvaga nemwoyo wose umambo, musazovaburitse kunze.

7 Asi munorairwa muzvinhu zvose kuti, “mukumbire kuna Mwari, vanopa vakasununguka; uye neicho chinhu chinopurwa neMweya kwamuri kunyangwe saizvozvo ndinoti zviitei ^bmuhutsvene hwose hwemwoyo, muchifamba makatwasanuka pamberi pangu, “muchifunga chinangwa cheruponeso rwenyu, muchiita zvose zvinhu nemunamato uye ^anekutenda, kuti “musafurirwe nemweya yakaipa, kana ^fdzidziso yaana dhiabhorosi, kana ^gmirairo yevanhu; nokuti mimwe ndeye vanhu, uye mimwe ndeyaana dhiabhorosi.

8 Nokudaro, chenjerai potse munganyengedzwe; uye kuti musanyengedzwe “tsvagai nemwoyo wose zvipo zvakanaka, nguva dzose muchirangarira kuti zvinopirwei;

9 Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, zvinopihwa kuti zvipundutse avo vanondida uye vanochogeta yose mirairo yangu, uye neuyo anotsvaga kuita saizvozvo; kuti vose vapundutswe vanonotsvaga kana vanobvunza kwandiri, avo vanobvunza kwandiri asi vasi-

46 1a II Tim. 3:16-17.

2a Aruma 6:1.

b Moro. 6:9;
D&Z 20:45.

3a 3 Ni. 18:22-25.

NKM Kuwadzana.

4a NKM Chechi yaJesu Kristu.

b 3 Ni. 18:26-32.

NKM Sakaramende.

6a NEMAMWE MAZWI kusimbisa avo vane-nge vachangobhabhatidzwa.

7a Jkb. 1:5-6;

D&Z 88:63.

b NKM Hutsvene.

c NKM Fungisisa.

d Mpi. 100;

Aruma 34:38.

NKM Kupakutendo.

e I Tim. 4:1-4;

D&Z 43:5-7.

f NKM Dhiabhorosi.

g D&Z 3:6-7; 45:29.

8a I VaKori. 12:31.

ngakumbire ^achiratidzo chekuti ^bvagodya muruchiva rwavo.

10 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, munofanira kurangarira nguva dzose, uye nguva dzose muzvichengete ^amupfungwa dzenyu kuti, ^bzvipo izvo ndezvei, izvo zvinopihwa kuchechi.

11 Nokuti vose havazi kupihwa chose chipo; nokuti kune zvipo zvakawanda, uye kumunhu ^awose kunopihwa chipo neMweya waMwari.

12 Kune vamwe kunopihwa ichi, kune vamwe kunopihwa chimwe kuti vose vagopundutswa nokudaro.

13 Kune vamwe chinopihwa neMweya Mutsvene ^akuziva kuti Jesu Kristu ndiye Mwana-komana waMwari, uye nekuti akaroverwa zvitadzo zvenyika.

14 Kune vamwe kunopihwa ^akutenda kumazwi avo, kuti naivowo vagowana upenyu hwokusingaperi kana vakaramba vakatendeka.

15 Uye zvakare, kune vamwe chinopihwa neMweya Mutsvene kuziva ^akusiyana kwekuto-nga, sekufadza kwazvinoita Ishe vamwecheteyo, maererano nekuda kwaIshe zvichienderana netsitsi dzavo maererano nemamiriro evana vevanhu.

16 Uye zvakare, zvinopihwa

kune vamwe neMweya Mutsvene kuziva kusiyana kwemashandi ndiro kuti ndezvaMwari, kuti zviratidzo zveMweya zvive zvinopihwa kumunhu wose kuti apundutswa nazvo.

17 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kune vamwe kunopihwa neMweya waMwari, izwi ^areungwaru.

18 Kune mumwe kunopihwa izwi ^areruzivo, kuti vose vago-dzidziswa kuti vangware nekuve neruzivo.

19 Uye zvakare, kune vamwe zvinopihwa kuti vave ^anerutendo rwekuti varapwe;

20 Uye kune vamwe vanopihwa kuti vave nerutendo ^arwekurapa.

21 Uye zvakare, kune vamwe kunopihwa kusevenza ^azvishamiso nesimba raMwari;

22 Uye kune vamwe kunopihwa ^akuporofita;

23 Uye kune vamwe kuziva ^anekupatsanurwa mweya.

24 Uye zvakare, zvinopihwa kune vamwe kutaura ^anendimi;

25 Uye kune vamwe kunopihwa kududzira ndimi.

26 Uye zvose ^azvipo izvi zvinobva kunaMwari, kuti zvipu-ndutse ^bvana vaMwari.

27 Uye nekuna ^abhishopi wechechi, uye nekune avo vachadomwa nekugadzwa naMwari

9a NKM Chiratidzo.

b Jkb. 4:3.

10a NKM Pfungwa.

b I VaKori. 14:12.

NKM Zvipo zveMweya.

11a I VaKori. 12:4-11.

13a NKM Uchapupu.

14a 3 Ni. 12:2.

NKM Daira.

15a Moro. 10:8.

17a Moro. 10:9.

NKM Ungwaru.

18a NKM Ruzivo.

19a D&Z 42:48-52.

NKM Rutendo.

20a NKM Kurapa.

21a NKM Chishamiso.

22a NKM Huporofita.

23a Mos. 1:13-15.

24a NKM Ndimi,

Chipo che.

26a Moro. 10:8-19.

b NKM Vanakomana

neVanasikana vaMwari.

27a NKM Bhishopi.

kuti vatarise chechi uye nekuve magosa kuchechi, zvinopihwa kwavari kuziva ^bnekupatsanura zvose zvipo izvozvo potse pangangove nevamwe pakati penyu vanonyepera, uye ivo vasiri vaMwari.

28 Uye zvichaitika kuti uyo anokumbira ^amuMweya achagashira muMweya;

29 Kuti kune vamwe zvingangopihwa kuti vawane zvipo zvose izvo, kuti kuve nemutungamiri, kuitira kuti yose nhengo ipundutswe nazvo.

30 Uyo ^aunokumbira ^bmu-

Mweya anokumbira maererano ^anekuda kwaMwari; nokudaro zvinoitwa kana sekukumbira kwake.

31 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, zvinhu zvose zvinofanira kuitwa muzita raKristu, chose icho chamunoita muMweya;

32 Uye munofanira ^akutenda kuna Mwari muMweya maropafadzo ose zvawo amunoropafadzwa nawo.

33 Uye munofanira kuteedza ^ahunhu uye ^bnehutsvene pamberi pangu nguva dzose. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 47

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 8 Kurume 1831 (History of the Church, 1:166). Nguva iyi isati yasvika, Oliver Cowdery akanga ambofanobata chinzvimbo chemunyori wenhorooondo yeChechi uye semutapi. John Whitmer akanga asati atsvagwa kuitwa munyori wenhorooondo, asi akumbirwa kushanda munzvimbo iyi, akati achateerera kuda kwaIshe. Akanga ato-shanda semunyori weMuporofita nokunyora zvizhinji zvezvakazarurwa zvakagashirwa muFayette, mudunhu reNew York.

1-4, John Whitmer anosarudzwa kuti achengete nhoroondo dzeChechi uye nekunyorera Muporofita.

TARISAI, zvakafanira kwa-ndiri kuti muranda wangu John anofanira kunyora uye nekuchengeta ^anhoroondo nguva dzose, uye nokukuyamura iwe, muranda wangu Joseph,

nekunyora zvose zvinhu zvauchapihwa, kudakara adaidzwa kune mamwe mabasa.

2 Zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwauri, anogona kusimudzawo izwi rake mumichechi, pose pazvinenge zvakakodzera.

3 Uye zvakare, ndinoti kwauri zvichapihwa kwaari kuti achengete zvinyorwa zvechechi

27b NKM Kuziva kuburikioza neMweya, Chipa che.

28a D&Z 88:64-65.

30a D&Z 50:29.

^b NKM Mweya

Mutsvene.
c 2 Ni. 4:35.

32a I Mak. 16:8-15;

I VaT. 1:2;

Aruma 37:37;

D&Z 59:7, 21.

NKM Kupakutendo.

33a NKM Hunhu

Wakanaka.

^b NKM Hutsvene.

47 1a D&Z 69:2-8; 85:1-2.

nenhoroondo nguva dzose; no-
kuti Oliver Cowdery ndamudo-
mesa kuna chimwe chinzvimbo.
4 Nokudaro, zvichapihwa

kwaari, kana ari akatendeka,
“neMweya Munyaradzi, kuti
anyore zvinhu izvi. Kunyangwe
saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 48

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, muna Kurume 1831 (History of the Church, 1:166–167). Muporofita akange abvunza kuna Ishe kuti angatevedze tsika ipi pakuwana nyika dzekuti Vatendi vagare. Iyi yaive nyaya inokosha pamusoro pekutama kwenhengo dzeChechi dzichibva kumabvazuva eUnited States, mukuteerera murairo walshe wekuti vaifanira kuti vau-ngane muOhio (onai zvikamu 37:1–3; 45:64).

1–3, *Vatendi vari muOhio vanofanira kugarisana munzvimbo dzavo nehama dzavo; 4–6, Vatendi vanofanira kutenga nzvimbo, vovaka gutu, uye votevedza kuraira kwevatungamiri vavo.*

ZVINOFANIRA kuti mura-
Zmbe mugare kwenguva ino
munzvimbo dzenyu dzamuge-
re, sezvo zviru zvinoenderana
nezvamuri.

2 Uye muine nzvimbo, “mu-
chadzipa kuhama dzekuma-
bvazuva;

3 Uye kana musina nzvimbo,
regai vatenge kwenguva ino
mumatunhu ayo akatendere-
dza, sezvinovanakira, nokuti
zvakanfanira kuti vave nenzvi-
mbo dzekugara iye zvino.

4 Zvinodiwa kuti zvive zva-
kafanira kuti muchengete mari
yamunokwanisa, nekuti muwa-
ne zvose zvamunogona muku-
rurama, kuitira kuti nenguva

muchaitwa kuti mukwanise
“kutenga nzvimbo yenhaka,
kunyangwe ^bguta.

5 Nzvimbo haisati yave kuta-
urwa; asi mushure mekunge
hama dzenyu dzabva kuma-
bvazuva kuchave “nevamwe
varume vachadomwa, kwavari
ivavo kuchapihwa kuti ^bvazive
nzvimbo yacho, kana kuti kwa-
vari icharatidzwa.

6 Uye vachadomwa kuti vate-
nge nzvimbo, uye nekuti vata-
nge kuisa hwaro ^ahweguta; uye
ipapo ndipo pamuchatanga
kuunganidzwa nemhuri dze-
nyu, wose munhu maererano
^bnemhuri yake, maererano
nezvaari, uye sezvaanenge api-
hwa nevatungamiri uye nabhi-
shopi wechechi, maererano
nemitemo nerairo yamagashira,
uye neyamuchatambira mushu-
re mazvino. Kunyangwe sai-
zvozvo. Amenii.

4a NKM Munyaradzi;
Mweya Mutsvene.
48 2a NKM Ruyamuro.
4a D&Z 57:4–5.

b D&Z 42:35–36;
45:65–67.
5a D&Z 57:6–8.
b D&Z 57:1–3.

6a NKM Jerusarema
Idzva.
b D&Z 51:3.

CHIKAMU 49

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Sidney Rigdon, Parley P. Pratt, naLeman Copley, paKirtland, Ohio, Kurume 1831 (History of the Church, 1:167-169). (Mamwe magwaro enhoroondo anopa nguva yechakazarurwa ichi semuna Chivabvu 1831.) Leman Copley akanga agashira vhangeri asi akange achiri kubatirira kune dzimwe dzidziso dzeboka rainzi Shakers (Chikwata Chakabatana cheVanotenda Mukuonekwa kwa Kristu kweChipiri), uko kwaakambenge ari. Zvimwe zvaitendwa nemaShakers ndezvekuti kuuya kwaKristu kwechipiri kwakange kwatoitika kare uye nokuti akanga aonekwa achinge mudzimai wechidiki, Ann Lee; rubhabhatidzo rwemvura rwakange rwusingafungwe kuti rwakafanira; kudya nyama yenguruwe kwakanga kwakanyatsorambidzwa, uye vazhinji vakange vasingadye kana nyama zvayo; uye upenyu hwekusarooro hwainzi hwakanaka kupfuura hwekuroora. Achitaura asati anyora chakazarurwa ichi, Muporofita akanyora, "Kuti tive nokunzwisisa kwakakwana panyaya iyi, ndakabvunza kuna Ishe, uye ndikagashira zvinotevera" (History of the Church, 1:167). Zvakazarurwa zvakaramba dzimwe dzidziso dzechikwata chemaShakers. Hama dzaturwa dziya dzakatora gwaro rezvakazarurwa izvi kuboka remaShakers (pedyo neCleveland, Ohio) uye dzakavaverengera rose, asi rakarambwa.

1-7, Zuva nenguva yekuuya kwaKristu zvichagara zvisina anoziva kudakara auya; 8-14, Vanhu vakafanira kutendeuka, vatende vhangeri, uye vagoteerera zvisungo kuti vawane ruponeso; 15-16, Roorano yakagadzwa naMwari; 17-21, Kudya nyama kwakabvumirwa; 22-28, Zioni ichabudirira uye maRamani agotumbuka seruva Kuuya Kwechipiri kusati kwaitika.

TEEERERAI kuzwi rangu, varanda vangu Sidney, naParley, naLeman; nokuti tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndinokupai murairo wekuti muchaenda "munoparidza vhangeri rangu iro ramakagashira

imi, kunyangwe sekutambira kwamakariita, kumaShakers.

2 Tarisai, ndinoti kwamuri, vanoda kuziva chokwadi muchidimbu, kwete chose, nokuti havana "kunaka pamberi pangu uye vanofanira kuti vatendeuke.

3 Nokudaro, ndinokutumai, imi varanda vangu Sidney naParley, kuti muparidze vhangeri kwavari.

4 Uye muranda wangu Leman achagadzwa kuita basa iri, kuti agotaura navo, kwete maererano nezvaakagashira kwavari, asi maererano neicho "chaachadzidziswa nemi varanda vangu; uye mukudaro ndichamuropafadza, kunze kwezvo haangazobudirira.

5 Ndiko kutaura kwaIshe; nokuti ndiri Mwari, uye “nda-tumira wangu Mumwechete Mwanakomana Akaberekwa munyika ^bkurudzikinuro rwe-nyika, uye ndikataura kuti uyo achamugashira achaponeswa, uye asingamugashire ‘achara-swa —

6 Uye vakaita “kuMwanako-mana weMunhu kunyangwe se-zvakanyorwa; uye akatora simba rake ^bkurudyi ‘rwekubwinya kwake, uye zvino ari kutonga ari kumatenga, uye achatonga dakara adzika panyika kuzoisa vose vavengi ^dpasi petsoka dzake, iri nguva yave pedyo —

7 Ini Ishe Mwari, ndazvitaure; asi nguva “nezuva hakuna mu-nhu anoziva, kana ngirozi dziri kudenga, hadzizoziva dakara auya.

8 Nokudaro, ndinoda kuti vose vanhu vatendeuke, noku-ti vose vari pasi ^apechitadzo, kunze kweavo vandakazviche-ngetera ini, varume ^bvatsvene vamusingazive.

9 Nokudaro, ndinoti kwamuri ndatumira kwamuri ^achibvu-mirano changu chisingaperi,

kunyangwe icho chaivepo ku-bvira pakutanga.

10 Uye icho chandakavimbisa ndakachizadzikisa, uye “maru-dzi enyika ^bvachachikotamira; uye, kana vasingazviite pachavo, vachadzika pasi, nokuti icho chakazvikwiridzira pache-zvacho iye zvino chichaiswa ‘pasi nesimba.

11 Nokudaro, ndinokupai murairo kuti “muyende mukati mevanhu ava, uye muti kwavari, semupostora wangu wekare, zita rake ainzi Petro:

12 Tendai kuzita ralshe Jesu, akange ari munyika, uye achau-ya, wekutanga nokupedzisira;

13 “Tendeukai uye mubha-bhatidzwe muzita raJesu Kristu, maererano nemurairo mutsvene, kuti muregererwe zvitadzo;

14 Uye uyo ani zvake achaita izvi achagashira ^achipo che-Mweya Mutsvene, nokugadzwa ^bmaoko nemagosa echechi.

15 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo ani zva-ke ^aanorambidza kuroorana haasi waMwari; nokuti ^bkuroo-rana kwakamiswa naMwari kumunhu.

5a Joh. 3:16-17;
D&Z 132:24.
NKM Jesu Kristu—
Mvumo.
b NKM Akanunura;
Mununuri.
c NKM Kuraswa.
6a NKM Mwanakomana
weMunhu.
b Mabasa 7:55-56;
D&Z 76:20-23.
c NKM Jesu Kristu—
Kubwinya kwaJesu
Kristu.
d I VaKori. 15:25;

D&Z 76:61.
7a Mat. 24:36;
Marko 13:32-37;
Zvaka. 16:15;
D&Z 133:11.
8a VaG. 3:22;
Mosaya 16:3-5.
b VaH. 13:2;
3 Ni. 28:25-29.
9a Gen. 17:7;
D&Z 66:2.
NKM Chibvumirano
Chitsva uye
Chisingaperi.
10a Zek. 2:11;

D&Z 45:66-69;
97:18-21.
b Isa. 60:14.
c Mat. 23:12.
11a NKM Basa
reKushumira.
13a 3 Ni. 27:19-20.
14a NKM Chipa
cheMweya Mutsvene.
b NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.
15a I Tim. 4:1-3.
b Gen. 2:18, 24;
I VaKori. 11:11.
NKM Kuroora.

16 Nokudaro, zviru mumutemo kuti murume anofanira kuve “nemukadzi mumwechete, uye ivo vaviri vachave nyama ^bimwechete, uye izvi kuitira kuti ‘nyika izadzikise mhedziso yekusikwa kwayo;

17 Uye nokuti izadzwe nehuwandu hwevanhu, maererano “nekusika kwake nyika ^bisati yaitwa.

18 Uye ani zvake “anorambidza kusadya ^bnyama, munhu iyeyo haafanire naiye kuidya, haasi waMwari;

19 Nokuti tarisai, “mhuka dzesango neshiri dzedenga, uye zvinouya nenyika, zvaka-^tirwa kushandiswa nemunhu sekudya uye nezvipfeko, uye nekuti azviwane zvakawanda.

20 Asi hazvina kupihwa kuti munhu mumwechete ^aave nezvakapfuura zvemumwe, nokudaro ^bnyika irere muchitadzo.

21 Uye nhamo kune uyo munhu ^aanodeura ropa kana anoparadza nyama zvisina kufanira.

22 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti Mwanakomana weMunhu ^ahaauye nechimiro chemunhukadzi, kana chemurume ari kufamba panyika.

23 Nokudaro, “musanyenge-dzwe, asi rambai makashinga, ^bmuchitarisira kuzunzwa kwe-matenga, uye nenyika kuti ide-dere uye nokuvheya semunhu akadhakwa, uye ‘nhika dzichikwidziridzwa, uye ^amakomo achidzikiswa, uye nzvimbo dzine man’a dzichiitwa sedzaka-kwenenzverwa—uye zvose izvi zvichaitika apo ngirozi icharidza ^ahwamanda yayo.

24 Asi zuva guru raIshe risati rauya, “Jakobo achabudirira murenje, uye ^bmaRamani achatumbuka seruva.

25 Zioni “ichabudirira ^bpazviko uye nokufara pamakomo, uye ichaunganidzwa pamwechete panzvimbo yandakadoma.

26 Tarisai, ndinoti kwamuri, endai sekukurairai kwandakuitai; tendeukai kuzvitadzo zvenyu zvose; ^akumbirai uye muchagashira; gogodzai uye richazarurwa kwamuri.

27 Tarisai, ndichaenda pamberu penyu uye ndigokudzi-virai ^amushure; uye ndichave ^bpakati penyu, uye imi ^chamuzokoneswa.

28 Tarisai, ndini Jesu Kristu, uye ndinouya ^anokukurumidza. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

16a Jak. 2:27–30.

^b Gen. 2:24;

Mat. 19:5–6.

^c NKM Pasi—
Rakasikirwa munhu.

17a Mos. 3:4–5.

NKM Sika.

^b NKM Upenyu
hwenyama husati
hwavepo.

18a NEMAMWE MAZWI
anoraira kuregedza.

^b Gen. 9:3;

I Tim. 4:1–3.

19a D&Z 89:10–13.

20a Mabasa 4:32;

D&Z 51:3; 70:14; 78:6.

^b NKM Zvemunyika.

21a DJS, Gen. 9:10–15.

22a NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

23a Mat. 24:4–5.

^b II Pet. 3:12; D&Z 45:39.

^c Isa. 40:4; D&Z 109:74.

^d Mika 1:3–4.

^e Mat. 24:29–31.

24a 3 Ni. 5:21–26.

^b Isa. 35:1; 2 Ni. 30:5–6;

3 Ni. 21:22–25;

D&Z 3:20; 109:65.

25a D&Z 35:24.

^b Gen. 49:26;

2 Ni. 12:2–3.

26a D&Z 88:63.

27a Isa. 52:12.

^b 3 Ni. 20:22.

^c I Pet. 2:6; D&Z 84:116.

28a D&Z 1:12.

CHIKAMU 50

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, Chivabvu 1831 (History of the Church, 1:170-173). Muporofita anoti vamwe vemagosa vakanga vasinganzwisise zviratidzo zvemweya yakasiyana-siyana yakapararira munyika uye nokuti chakazarurwa ichi chakanga chakapihwa semhinduro kumubvunzo wake pamusoro penyaya iyi. Zvainzi izvo zvishamiso zvemweya zvakanga zvisiri zvisiroma pakati penhengo, vamwe vacho vaiti vari kugashira zviratidzo nezvakazarurwa.

1-5, Mweya mizhinji yenhema iriko kunze uko munyika; 6-9, Nhamo kuvanyengedzi uye nekune avo vakabviswa muChechi; 10-14, Magosa vanofanira kuparidza vhangeri neMweya; 15-22, Vose, vaparidzi nevanonzwa vanofanira kujekeserwa neMweya; 23-25, Icho chisingajekese hachisi chaMwari; 26-28, Vakatendeka ndivo varidzi vezvinhu zvose; 29-36, Minamoto yevakacheneswa inopindurwa; 37-46, Kristu ndiye Mufudzi Akanaka uye Dombo reIsraeri.

TEEERERAI, imi magosa echechi yangu, uye mupe nzeve kuizwi raMwari mupenyu; uye muteerere kumazwi eungwaru ayo achapihwa kwamuri, maererano nokukumbira kwamaita uye muchitenderana muzvinhu zvechechi, uye nemweya yakapararira munyika.

2 Tarisai, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kune mweya mizhinji iyo iri mweya "yenhema, iyo

yaenda mberi munyika, ichinyengedza nyika.

3 Uyewo kana "Satani atsvagawo kukunyengedzai, kuti agokurasai.

4 Tarisai, ini Ishe, ndakatarisa pamuri, uye ndikaona zvinyangadzo muchechi iyo "rinokambira zita rangu.

5 Asi vakaropafadzwa avo vakatendeka uye "vachishingirira, muupenyu kana murufu, nokuti vachagara nhaka yeupenyu hwokusingaperi.

6 Asi nhamo kwavari avo "vanyengedzi nevanonyepera, nokuti, ndikokutaura kwaIshe, ndichavaunza mukutongwa.

7 Tarisai, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, mune "vanyengedzi mukati menyu, avo vakatonyengedza vamwe, izvo zvakapa^b muvengi 'simba; asi tarisai^d vakadaro vachadzorwa;

8 Asi vanyengedzi vachaonekwa uye "vagobviswa, kana muupenyu kana murufu, ku-

50 2a D&Z 129.
NKM Mweya—
Mweya yakaipa.
3a Ruka 22:31;
3 Ni. 18:18.
4a NKM Jesu Kristu—
Kutora Zita raJesu

Kristu paTiri.
5a NKM Tsungirira.
6a NKM Hunyengedzi.
7a Mat. 23:13-15;
Aruma 34:28.
b NKM Dhiabhorosi.
c Mosaya 27:8-9.

d NEMAMWE MAZWI
avo vanenge
vanyengedzwa.
8a D&Z 1:14; 56:3; 64:35.
NKM Kubviswa
Hunhengo.

nyangwe sekuda kwangu; uye nhamo kwavari avo vakabviswa muhechi yangu, nokuti vamwechetevo ndivo vakakundwa nenyika.

9 Nokudaro, wose munhu ngaachenjerere potse icho chisiri muchokwadi uye nomukururama pamberi pangu.

10 Uye zvino chiuyai, vanodaro Ishe, neMweya, kumagosa echechi yavo, uye regai ^atitaurirane tiri pamwechete, kuti mugonzwisisa;

11 Ngatitaurirane kunyangwe semurume ari kutaurirana nemumwe vakatarisana zviso.

12 Zvino, kana munhu akaturura anonzwikwa nemunhu, nokuti anokurukura semunhu; kunyangwe neni ndozvandichaita ini Ishe, kukurukura nemi kuti ^amunzwisise.

13 Nokudaro, ini Ishe ndinokubvunzai mubvunzo uyu—^amagadzwa kuti mudii?

14 Kuti muparidze vhangeri rangu ^aneMweya, kunyangwe ^bMweya Munyaradzi uyo watumirwa kuzoparidza chokwadi.

15 Uye ndokubva magashira ^amweya yamusina kunzwisisa, uye mukaigashirwa seyamwari; uye mune izvi makantsa here?

16 Tarisai muchapindura mu-

bvunzo uyu imi pachenyu; zvakadaro, ndichakunzwirai tsi-tsi; uyo asina kusimba pakati penyumushure achaitwa kuti ^aasimbe.

17 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo akagadzwa neni uye akatumirwa kuti ^aaparidze shoko rechokwadi naMunyaradzi, ^bmuMweya wechokwadi, haanoparidza here neMweya wechokwadi kana neimwe nzira?

18 Uye kana zviri neimwe nzira hazvisi zvaMwari.

19 Uye zvakare, uyo anogashira shoko rechokwadi, haanorigashira neMweya wechokwadi here kana neimwe nzira?

20 Kana zviri zveimwe nzira hazvisi zvaMwari.

21 Nokudaro, sei musingagone kunzwisisa uye nokuziva, kuti uyo anogashira shoko neMweya wechokwadi anorigashira sekuparidzwa kwarinotwa neMweya wechokwadi?

22 Nokudaro, uyo anoparidza uye neuyo anogashira, vanonzwisisana, uye vose ^avanosimudzirwa uye ^bvachifara pamwechete.

23 Uye icho chisingasimudzire hachisi chaMwari, uye ^airima.

24 Icho chinenge chiri chaMwari ^achiedza; uye uyo anogashira chiedza, uye ^bachiramba ari munaMwari, anogashira chi-

10a Isa. 1:18; D&Z 45:10.

12a D&Z 1:24.

13a NKM Gadza.

14a D&Z 43:15.

NKM Dzidzisa—

Kudzidzisa

neMweya.

^b NKM Munyaradzi.

15a NKM Kuziva

kuburikioza

neMweya, Chipochi.

16a Eta 12:23–27.

17a NKM Basa re-

Kushumira; Paridza.

^b D&Z 6:15.

NKM Mweya

Mutsvene; Chokwadi.

22a I VaKori. 14:26.

^b Joh. 4:36.

23a NKM Rima, zveMweya.

24a I Joh. 2:8–11;

Moro. 7:14–19;

D&Z 84:45–47; 88:49.

NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

^b Joh. 15:4–5, 10.

edza ‘chakawedzerwa; uye chie-dza ichocho chinokura muku-chena kudakara zuva rakwana.

25 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, ndinozvita-ura kuti mungazive ‘chokwadi, kuti mungadzinge rima kuti ribve pakati penyū;

26 Uyo akagadzwa naMwari uye akatumwa, iyeyo akado-mwa kuti ave ‘mukuru pane vose, zvisinei iye ndiye weku-pedzisira uye ari ^bmuranda wevose.

27 Nokudaro, ndiye ‘ane zvi-nhu zvose, nokuti zvose zvinhu zvinotongwa naye, kwose kude-nga nepasi, upenyu nechiedza, Mweya ^bnesimba, zvakatumwa nekuda kwaBaba kuburikidza naJesu Kristu, Mwanakomana wavo.

28 Asi hakuna munhu ane zvinhu zvose kunze kwekunge ‘acheneswa uye ^basukwa kubva muzvitadzo zvose.

29 Uye kana muri macheneswa uye masukwa kubva kuzvita-dzo zvose, ‘muchakumbira cho-se chamunoda muzita raJesu uye chigoitwa.

30 Asi zivai izvi, zvichapihwa kwamuri zvamuchakumbira; uye zvamakadomerwa ‘kuhu-tungamiri, mweya ichave pasi penyū.

31 Nokudaro, zvichaitika, kuti kana mukaona ‘mweya warati-dzwa wamusingagone kunzwi-sisa, uye morega kuugashira mweya iwoyo, muchakumbira kuna Baba muzita raJesu; uye kana vakasakupai mweya iwo-yo, ndipo munobva maziva kuti hausi waMwari.

32 Uye zvichapihwa kwamu-ri, ‘simba pamusoro pemweya iwowo; uye muchataura mu-chirwisa mweya iwoyo nezwi guru kuti hauzi waMwari —

33 Kwete ‘kutuka nekutsvagi-ra mhosva, kuti musakurirwe, kana ^bnekuzvikudza kana ne-mafaro, potse mungabatwe nazvo.

34 Uyo anogashira kuna Mwari, regai azive kuti ndezva Mwari; uye regai afare kuti anoonekwa naMwari akako-dzera kugashira.

35 Uye nokuzvitevedzera ne-kuzviita zvinhu izvi zvamaka-gashira, uye nezvamuchagashi-ra pashure — uye ‘neumambo hunopihwa kwamuri naBaba, ^bnesimba rekukunda zvose zvi-nhu zvisina kugadzwa navo —

36 Uye tarisai, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, makaropafa-dzwa imi muri kunzwa zvino mazwi angu aya, achibva mu-muromo wemuranda wangu,

24c 2 Ni. 28:30.

25a Joh. 8:32.

26a Mat. 23:11.

b Marko 10:42–45.

NKM Rubatsiro.

27a D&Z 76:5–10, 53–60;
84:34–41.

b NKM Simba.

28a 3 Ni. 19:28–29;
D&Z 88:74–75.

NKM Chakachena;

Kutsveneswa.

b I Joh. 1:7–9.

29a Hir. 10:5;

D&Z 46:30.

NKM Munamoto.

30a NKM Mvumo.

31a I Joh. 4:1.

NKM Mweya—
Mweya yakaipa.

32a Mat. 10:1.

33a Jud. 1:9.

b D&Z 84:67, 73.

35a NKM Umambo
hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

b I Joh. 4:4;

D&Z 63:20, 47.

nokuti zvitadzo zvenyu “mazviregererwa.

37 Regai muranda wangu Joseph Wakefield, uyo anondifadza zvikuru, uye nemuranda wangu “Parley P. Pratt vaende mukati memachechi uye vachivasimbisa neshoko ^brekurudziro;

38 Uye nemuranda wanguwo John Corrill, kana sekuwanda kwakaita varanda vangu vakagadza mubasa rino, uye regai vashande “mumunda wemizambiringa; uye pasave nemumhu anovarambidza kuita izvozvo zvandakadoma kwavari—

39 Nokudaro, muchinhu ichi muranda wangu “Edward Partridge haarevererwe; zvisinei regai atendeuke uye acharegererwa.

40 Tarisai, muri vana vadiki uye hamungakwanise “kutakura zvose zvinhu zvino; makafanira ^bkukura ^cmunyasha uye nemuruzivo ^drwechokwadi.

41 “Musatye, ^bvana vadiki, nokuti muri vangu, uye ini “ndakunda nyika, uye muri vamwe veavo ^avandakapihwa naBaba vangu;

42 Uye hakuna mumwe wevandakapihwa naBaba vangu ^aacharasika.

43 Uye Baba neni tiri ^avamwechete. Ndiri munaBaba uye Baba vari mandiri; sekundigashira kwamakaita, imi muri mandiri uye ini ndiri mamuri.

44 Nokudaro, ndiri pakati penyu, uye ndini mufudzi ^aakanaka, uye ^bnedombo ra-Israeli. Uyo anovaka ^cpado-mbo iri ^dhaafe akapuzika.

45 Uye zuva riri kuuya rekuti muchanzwa izwi rangu uye ^amondiona, uye moziva kuti ndini.

46 “Garirai, naizvozvo kuti muve ^bmakagadzirira. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 51

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Thompson, Ohio, Chivabvu 1831 (History of the Church, 1:173-174). Panguva iyi Vatendi vaitama kubva kumatunhu ekumabvazuva vakatanga kusvika muOhio, uye zvikave zvakafanira kuti kuitwe hurongwa

36a D&Z 58:42-43.
NKM Regerera.

37a NKM Pratt, Parley
Parker.

^b D&Z 97:3-5.

38a NKM Munda
wemizambiringa
waIshe.

39a NKM Partridge,
Edward.

40a 3 Ni. 17:2-3;
D&Z 78:17-18.

^b I VaKori. 3:2-3;
D&Z 19:22-23.

^c NKM Nyasha.

^d NKM Chokwadi.

41a I Joh. 4:18.

^b NKM Vanakomana
neVanasikana
vaMwari.

^c Joh. 16:33.

^d Joh. 10:27-29; 17:2;

3 Ni. 15:24;
D&Z 27:14; 84:63.

42a Joh. 17:12;

3 Ni. 27:30-31.

43a Joh. 17:20-23;
3 Ni. 11:35-36.

NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.

44a Joh. 10:14-15.

NKM Mufudzi
Akanaka.

^b Gen. 49:24;

I Pet. 2:4-8.

NKM Dombo renheyo.

^c I VaKori. 10:1-4.

NKM Ibwe; Jesu Kristu.

^d Hir. 5:12.

45a D&Z 67:10-13.

46a NKM Murindiri.
^b Aruma 34:32-33.

chaihwo hwekugara kwavo. Sezvo basa iri raive chinzvimbo chabhishopi, Bhishopi Edward Partridge akatsvaga kurairwa pamusoro penyaya iyi, Muporofita akabvunza kuna Ishe.

1-8, *Edward Partridge akadomwa kuti atonge hutariri nemidziyo; 9-12, Vatendi vanofanira kuuuta zvakavimbika uye vachitambira zvimwechetezvo; 13-15, Vanofanira kuve nema yekuchengetera yabhishopi nekuronga midziyo maererano nemutemo waIshe; 16-20, Ohio ichave nzvimbo yekumbofanoungana.*

TEEERERAI kwandiri, vanodaro Ishe Mwari venyu, uye ndichataura kumuranda wangu “Edward Partridge, ndigomupa zvekutevedza; nokuti zvakafanira kuti agashire zvekutevedza mukuronga vanhu ava.

2 Nokuti zvakafanira kuti varongwe maererano “nemitemo yangu; kana zvikasadaro, vanodimburwa.

3 Nokudaro, regai muranda wangu Edward Partridge, neavo vaakasaruza, avo vanondifadza zvikuru, vadome kuvanhu ava nzvimbo dzavo, wose munhu “zvakaenzana, maererano nemhuri yake, maererano nezvaari nezvaanoda ^bnezvaanoshaya.

4 Uye regai muranda wangu Edward Partridge, paadoma kumunhu nzvimbo yake, amupe

gwaro rinosunga nzvimbo iyoyo seyake, kuti achaibata, kunyange kodzero iyi nenhaka iyi muchechi, kudakara atadza uye asisaverengewe seakakodzera nezwi rechechi, maererano nemitemo “nezvibvumirano zvechechi, kuti ave wechechi.

5 Kana akatadza nekusaverengwa seakakodzera kuti ave muchechi, haazove nesimba rekutora nzvimbo iya yaakatsaurira kunabhishopi kuitira varombo nevanoshaya vechechi yangu; naizvozvo haazoramba aine chipo ichocho, asi achasara nenzvimbo iyo chete yaaine gwaro nayo.

6 Uye naizvozvo zvose zvinhu zvichaitwa muchokwadi, “maererano ^bnemitemo yenyika.

7 Uye regai izvo zviri zvevanhu ava zvidomerwe kuvanhu ivava.

8 Uye “mari inenge yasara kuvanhu ava — ngakuve nemuririri anodomwa kuvanhu ava, kuti atore ^bmari yacho kuti avape kuya nezvipfeko, maererano nezvinodiwa nevanhu ava.

9 Uye munhu newose ashande “zvakaavimbika, uye ave akafanana nevanhu ava, uye agashire zvakafanana kuti muve ^bva-

51 1a NKM Partridge, Edward.

2a D&Z 42:30-39; 105:5. NKM Gadza, Mutemo weruGadzo.

3a D&Z 49:20.

b Mabas 2:44-45;

4 Ni. 1:2-3.

4a NEMAMWE MAZWI

Zvikamu 20 ne22
zvinonzi Misimboti
neZvibvumirano
zveChechi yaKristu.
D&Z 33:14; 42:13.

nkm Chibvumirano.

6a I Pet. 2:13;

D&Z 98:5-7.

b D&Z 58:21-22.

8a D&Z 84:104.

b D&Z 104:15-18.

9a NKM Anovimbika.

b D&Z 38:27.

NKM Kubatana.

mwe, kunyangwe sekukurairai kwandaita.

10 Uye itai kuti icho chevanhu vano chisatorwe chichinopihwa kuvanhu vekune ^aimwe chechi.

11 Nokudaro, kana imwe chechi ikatambira mari yechechi ino, regai vaibhadhare kuchechi ino zvakare maererano nezvichabvumiranwa;

12 Uye izvi zvichaitwa kuburikidza nabhishopi kana akaitwa mumiririri, uyo achadomwa ^anezwi rechechi.

13 Uye zvakare, regai bhishopi adome ^aimba yekuchengetera yechechi iyi; regai zvinhu zvose mumari kana munyama, zvakawanda kupfuura ^bzvinodiwa nevanhu ava, zvichengetwe zviru mumaoko abhishopi.

14 Uye regaiwo azvichengetere zvaanoda iye pachake, uye nezvinodiwa nemhuri yake, sezvo achange akapinzwa basa kuti aite basa iri.

15 Saizvozvo ndinopa kuvanhu ava mukana wekuzviro-

ngerera pachavo maererano ^anemitemo yangu.

16 Uye ndinovapira nyika ^aino kwemwaka mupfupi, kudakara ini Ishe, ndazovapa nepamwe, nekuraira kuti, vae nde ikoko;

17 Uye nguva nezva hazvina kupihwa kwavari, nokudaro regai vashande pane ino nzvimbo sevaripo kwemakore, zvichatendeuka kwavari kuvanakira.

18 Tarisai, uyu uchave ^amufananidzo kumuranda wangu Edward Partridge, mune dzimwe nzvimbo, mumachechi ose.

19 Uye ani zvake anowanikwa akatendeka, akarurama, ari ^amutariri akangwara achapinda ^bmukufara kwaIshe vake, uye achawana nhaka yeupenyu hwokusingaperi.

20 Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndini Jesu Kristu, uyu ^aanouya nokukurumidza, ^bmunguva yamusingafungire. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 52

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kumagosa eChechi, paKirtland, Ohio, 7 Chikumi 1831 (History of the Church, 1:175-179). Mugungano rakanga raitwa paKirtland, rakatanga musu wa3 uchivharwa musu wa6 Chikumi. Pamuchechi uyu kugadzwa chaiko kwekutanga muchinzvimbo chemupirisiti wepamusoro kwakaitwa, uye zvimwe zviratidzo zvemweya yenhema uye inonyengedza zvakaonekwa zvikatukwa.

10a NEMAMWE MAZWI
rimwe bazi reChechi
kana rimwe gungano.
12a NKM Kubvumirana
kwewose.
13a D&Z 42:55.
NKM Imba

Yekuchengetera.
^b D&Z 42:33-34, 55;
82:17-19.
15a D&Z 51:2.
16a NEMAMWE MAZWI
Kirtland, dunhu
reOhio.

18a NEMAMWE MAZWI
mutowo.
19a Mat. 24:45-47.
NKM Mutariri.
^b NKM Rufaro.
20a Zvaka. 22:6-16.
^b Mat. 24:44.

1-2, *Muchechi unotevera zvakamiswa kuti uitirwe kuMissouri*; 3-8, *Kudomwa kwemamwe magosa kuti vafambe pamwechete kwakaitwa*; 9-11, *Magosa anofanira kudzidzisa izvo zvakanyorwa navaapositori nevaporofita*; 12-21, *Avo vakajekeserwa neMweya vanounza michero yekurumbidza neungwaru*; 22-44, *Magosa akasiyana-siyana anodomwa kuti aende achiparidza vhangeri vachifamba kuenda kuMissouri kumuchechi.*

TARISAI, ndizvo zvinotaura Ishe kumagosa ayo “avadaidza uye vakasarudza muma-zuva ano ekupedzisira, nezwi reMweya wavo—

2 Uchiti: Ini Ishe ndichaita kuti muzvize zvandinoda kuti muite kubvira panguva ino kusvika pamuchechi unotevera, uyo uchaitirwa muMissouri, “panyika iyo ^byandapira kuvanhu vangu, avo ^cvakasara vaJakobo, neavo vagari venhaka maererano ^dnechibvumirano.

3 Nokudaro, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, regai varanda vangu Joseph Smith, Mwana, naSidney Rigdon vatore rwendo rwavo panokwanisika kugadzirirwa zvinhu zvekuti vasiye dzimba dzavo, vaende kunyika yeMissouri.

4 Uye sekutendeka kwavo

kwandiri, zvichaitwa kuti zvizivikanwe kwavari kuti vachaiti; 5 Zvichaitawo, sekutendeka, kuti zvizivikanwe kwavari “nyika yenhaka yenyu.

6 Uye kana vakasava vakatendeka, vachabviswa, kunyangwe sekuda kwandinoita, sezvakandinakira.

7 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu Lyman Wight nemuranda wangu John Corrill vaende rwendo rwavo nokukurumidza;

8 Uye nemuranda wanguwo John Murdock, nemuranda wangu Hyrum Smith, vatore rwendo rwavo vaende kunzvimbo imwecheteyo nenzira yekuDetroit.

9 Uye regai vafambe kubvira ikoko vachiparidza izwi munzira, “vasina chimwe chavanotaura kunze kweizvo zvakanyorwa ^bnevaporofita nevaapositori, nezvavakadzidziswa ^cneMweya Munyaradzi kuburikidza nemunamato werutendo.

10 Regai vaende vari “vaviri vaviri, uye zvakadaro regai vaparidze munzira kumakungano ose, vachibhabhatidza ^bnemvura, nekugadza ^cmaoko vari murutivi memvura.

11 Nokuti vanodaro Ishe, ndichadimburira basa rangu

52 1a NKM Akadaidzwa naMwari.
2a D&Z 57:1-3.
b D&Z 58:57; 84:3-4.
c Mpi. 135:4;
3 Ni. 5:21-26.
d Abr. 2:6-11.
NKM Chibvumirano

chaAbrahama.
5a D&Z 57:1-3.
9a Mosaya 18:19-20.
b D&Z 42:12; 52:36.
NKM Magwaro matsvene.
c NKM Munyaradzi; Mweya Mutsvene;

Dzidzisa—Kudzidzisa neMweya.
10a Marko 6:7;
D&Z 61:35.
b Joh. 1:26.
c Mabasa 8:14-17.

“mukururama, nokuti mazuva ari kuuya ayo ndichatumira kutonga muhukundi.

12 Uye regai muranda wangu Lyman Wight achenjere, nokuti Satani ari kuda “kumusefa sehundi.

13 Uye tarisai, uyo “anotende-ka achaitwa mutongi wezvinhu zvakawanda.

14 Uye zvakare, ndichakupai zvekutevedza muzvinhu zvose, kuti musazonyengedzwa; nokuti Satani ari kwose munyika, uye anoenda achinyengedza marudzi—

15 Nokudaro uyo anonamata, uyo ane mweya “wakazvire-reka, mumwecheteyo ^banotambirwa neni kana akateerera ‘zvisungo zvangu.

16 Uyo anotaura, ane mweya wokuzvirereka, ane mutauro wakanyorova uye unosimudzira, mumwecheteyo ndewa-Mwari kana akateerera zvisungo zvangu.

17 Uye zvakare, uyo anobvunda pasi pesimba rangu “achasimbiswa, uye achaunza michero yekurumbidza ^bneungwaru, maererano nezvakazarurwa nechokwadi chandakakupai.

18 Uye zvakare, uyo anokurirwa uye otadza “kuunza michero, kunyange maererano nechiratidzo ichi, haasi wangu.

19 Nokudaro, netsika iyi “mu-

chaziva yose mweya muzvinhu zvose pasi pematenga ose.

20 Uye mazuva anouya; maererano nerutendo rwevanhu “zvichaitwa kwavari.

21 Tarisai, murairo uyu unopihwa kumagosa ose andasarudza.

22 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu “Thomas B. Marsh nemuranda wangu Ezra Thayre vaende rwendo rwavowo, vachiparidza shoko munzira kuenda kunyika imwecheteyo.

23 Uye zvakare, regai muranda wangu Isaac Morley nemuranda wangu Ezra Booth vatore rwendo rwavo, naivowo vachiparidza izwi munzira kuenda kunyika imwecheteyo.

24 Uye zvakare, regai varanda vangu “Edward Partridge na-Martin Harris vaende rwendo rwavo nevaranda vangu Sidney Rigdon naJoseph Smith, Mwana.

25 Regai varanda vangu David Whitmer naHarvey Whitlock vatorewo rwendo rwavo, uye vaparidze munzira vachienda kunzvimbo imwecheteyo.

26 Uye regai varanda vangu “Parley P. Pratt ^bnaOrson Pratt vaende rwendo rwavo, uye vaparidze munzira, kuenda kune nyika imwecheteyo.

27 Uye regai varanda vangu Solomon Hancock naSimeon

11a VaR. 9:28.

12a Ruka 22:31;
3 Ni. 18:17-18.

13a Mat. 25:23;
D&Z 132:53.

15a NKM Mwoyo
Wakatyoka.
b D&Z 97:8.

c NKM Zvisungo.

17a D&Z 66:8; 133:58.
b NKM Ungwaru.

18a Mat. 3:10.

19a NKM Kuziva
kuburikioza
neMweya, Chipa che.
20a Mat. 8:5-13.

22a D&Z 56:5.

NKM Marsh,
Thomas B.

24a NKM Partridge,
Edward.

26a NKM Pratt, Parley
Parker.

b NKM Pratt, Orson.

Carter naivowo vaende rwendo rwavo kunyika imwechete iyoyi, uye vaparidze vari munzira.

28 Regai varanda vangu Edson Fuller naJacob Scott naivowo vaende rwendo rwavo.

29 Regai varanda vangu Levi W. Hancock naZebedee Coltrin naivowo vaende rwendo rwavo.

30 Regai varanda vangu Reynolds Cahoon na Samuel H. Smith naivowo vaende rwendo rwavo.

31 Regai varanda vangu Wheeler Baldwin naWilliam Carter naivowo vaende rwendo rwavo.

32 Uye murege varanda vangu "Newel Knight naSelah J. Griffin vose vagadzwe uye, naivowo vatore rwendo rwavo.

33 Hongu, zvirokwazvo ndinoti, regai vose ava vaende nzendo dzavo kunzvimbo imwechete, munzira dzavo dzakawanda, uye hakuna munhu mumwechete achavakira "pahwaro hwemumwe, kana kufamba gwara remumwe.

34 Uyo akatendeka, mumwecheteyo achachengetwa uye nokuropafadzwa "nemichero yakawanda.

35 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, regai varanda vangu Joseph Wakefield naSolomon Humphrey vaende rwendo rwavo kunyika dziri kumabvazuva;

36 Regai vashande nemhuri dzavo, pasina chimwe "chavannotaura kunze kweizvo zvevapoporofita nevaapositori, izvo ^bzvavakaona nezvavakanzwa neizvo ^czvavanotenda mazviri zvizere, kuti huporofita huza-dzikiswe.

37 Pamusana pekutadza, regai izvo zvakaiswa pana Heman Basset "azvitorerwe kubva kwari, uye zviiswe pamusoro pa-Simonds Ryder.

38 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, regai Jared Carter "agadzwe semupirisita uye naGeorge James zvakare agadzwe ^bsemupirisita.

39 Regai vasara vemagosa "vachengete chechi, uye vataure shoko kumatunhu akavatenderedza; uye murege vashande nemaoko avo kuti parege kuva ^bnekunamatwa kwezvifanidzo kana kuitwa kwezvakaipa.

40 Uye murangarire muzvinhu zvose "varombo ^bnevanoshaya, varwere nevanonetsekana, nokuti uyo asingaite zvinhu izvi, haazi mudzidzi wangu.

41 Uye zvakare, regai varanda vangu Joseph Smith, Mwana, naSidney Rigdon naEdward Partridge vatore "gwaro rekuvasuma kubva kuchechi. Uye regai pave nerimwe rinotore-rwawo muranda wangu Oliver Cowdery.

32a D&Z 56:6-7.

33a VaR. 15:20.

34a Joh. 15:16;

D&Z 18:15-16.

36a Mosaya 18:19-20;

D&Z 52:9.

^b Joh. 3:11.

^c NKM Daira.

37a Mat. 25:25-30.

38a D&Z 79:1.

^b NKM Mupirisita, Hupirisita hwaAroni.

39a Aruma 6:1.

^b NKM Kunamata

Zvifananidzo.

40a D&Z 104:15-18.

NKM Murombo.

^b NKM Ruyamuro.

41a D&Z 20:64.

42 Uye zvakadaro, kunyangwe sezvandakataura, kana muri makatendeka muchaungana pamwechete kuti mufare pamusoro penyika “yeMissouri iyo iri nyika ^byenhaka yenyu, iri parizvino nyika yevavengi venyu.
43 Asi tarisai, ini Ishe, ndichakurumidzisa kuvakwa kweguta

munguva yaro, uye ndigopfekezidza korona kune vane rutendo “nerufaro uye nokupemberera.
44 Tarisai, ndini Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, uye “ndichavasimudza muzuva rekupedzisira. Kunyangwe saizvozvo. Ameni.

CHIKAMU 53

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Algernon Sidney Gilbert, paKirtland, Ohio, Chikumi 1831 (History of the Church, 1:179–180). Sechikumbiro chaSidney Gilbert, Muporofita akabvunza kuna Ishe nezvebasa reHama Gilbert nekudomwa kwake muChechi.

1–3, *Sidney Gilbert, kudaidzwa nekudomwa kwake muChechi kuti agadzwe segosa; 4–7, Achavewo achashanda semumiriri wabhishopi.*

TARISAI, ndinoti kwauri muranda wangu Sidney Gilbert, kuti ndanzwa minamoto yako; uye wakandikumbira kuti zviitwe kuti zvizivikanwe kwauri, naIshe Mwari vako, maererano nekudaidzwa “nekudomwa muchechi, iro ini Ishe, ndasimudza mumazuva ano ekupedzisira.

2 Tarisai ini Ishe, uyo “akaroverwa zvitadzo zvenyu zvenyika, ndinokupa murairo wekuti ^busiye zvenyika.

3 Tora pauri kugadza kwangu, kunyangwe uko kwegosa, kuparidza rutendo nekutendeuka “nekuregererwa kwezvitadzo,

maererano neshoko rangu, uye nokugashirwa kweMweya Mutsvene nekugadzwa ^bmaoko;

4 Uye zvakare kuve “mumiriri wecheci munzvimbo ichadomwa nabhishopi, maererano nemirairo ichapiwa mushure.

5 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwauri, uchaenda rwendu rwako nevaranda vangu Joseph Smith, Mwana, naSidney Rigdon.

6 Tarisai, izvi ndizvo zvisungo zvekutanga zvauchagashira; uye zvasara zvichaziviswa munguva ichauya, maererano nekushanda kwako mumunda wangu wemizambiringa.

7 Uye zvakare, ndingade kuti udzidze kuti iyeyo chete ndiye achaponeswa, “anoshingirira kusvika kumagumo. Kunyangwe saizvozvo. Ameni.

42a NKM Zioni.
b D&Z 25:2; 57:1–3.

43a NKM Rufaro.

44a D&Z 88:96–98.

53 1a NKM Kudaidzwa nekuSarudzwa;

Vakasarudzwa;
Sarudzo.

2a NKM Kuroverwa.

b NKM Nyika;
Zvemunyika.

3a NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

b NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.

4a D&Z 57:6, 8–10,
14–15; 84:113.

7a NKM Tsungirira.

CHIKAMU 54

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Newel Knight, paKirtland, Ohio, Chikumi 1831 (History of the Church, 1:180-181). Nhengo dzeChechi mubazi rekuThompson, Ohio, vakanga vachipesana munyaya dzainga dziri maererano nekupirwa kwezvinhu. Hudyire nemakaro zvakabuda pachena, uye Leman Copley akanga atyora chibvumirano chake chekutsaura purazi rake guru senzvimbo yenhaka yaVatendi vakanga vachisvika kubva kuColesville, New York, Ezra Thayre akanga arimo mukusawirirana uku. Pamusana paizvozvo, Newel Knight (mutungamiri webazi rekuThompson) nemamwe magosa vakanga vauya kuMuporofita vachibvunza kuti voita sei. Muporofita akabvunza kuna Ishe uye ndokugashira chakazarurwa chino. (Ona chikamu 56, chinove ndichochinoenderera mberi nenyaya yacho.)

1-6, Vatendi vanofanira kuchengeta chibvumirano chevhangeri kuti vawane tsitsi; 7-10, Vanofanira kuve nemwoyo murefu mumatambudziko.

TARISAI, vanodaro Ishe, kunyangwe "Arfa naOmega, kutanga nokuguma, kunyangwe ivo vakaroverwa pamusana pezvivi zvenyika —

2 Tarisai, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, muranda wangu Newel Knight, uchamira wakasimba muchinzvimbo icho chandakakudomera.

3 Uye kana hama dzako dzichida kupunyuka kuvavengi vadzo, regai vatendeuke kuzvitadzo zvose zvavo, uye vave vakazvinipisa zvechokwadi pamberi pangu uye vakazvireka kwazvo.

4 Uye sezvo chibvumirano chavakaita kwandiri chakatyo-

rwa, kunyangwe saizvozvo chave chakapfudzwa chisisina simba.

5 Uye nhamo kwaari uyo anounza mhosva iyi, nokuti zvaitove nani kwaari dai akanga anyura muhudzame hwegungwa.

6 Asi vakaropafadzwa avo vakachengeta chibvumirano uye vakateerera murairo, nokuti vachawana tsitsi.

7 Nokudaro, endai zvino mutize nyika, potse vavengi venyu vangauye pamuri; uye endai rwendo rwenyu, mudome uyo wamunoda kuti ave mutungamiri wenyu, uye anokukubvisirai mari dzenyu.

8 Uye zvakadaro, muchatora rwendo rwenyu muchienda kumatunhu ekumadokero, kusvika kunyika yeMissouri, kumiganhu yemaRamani.

9 Uye mushure mekunge mapedza rwendo, tarisai, ndinoti

54 1a Zvaka. 1:8;
D&Z 19:1.
NKM Arfa naOmega.
b NKM Kuroverwa.

3a NKM Akazvinipisa.
4a D&Z 42:30-39.
NKM Gadza, Mutemo
weruGadzo.

b D&Z 58:32-33.
5a Mat. 18:6-7.
6a NKM Anetsitsi.
8a D&Z 52:42.

kwamuri, tsvagaiwo “zvekura-rama nazvo sevarume, kudakara ndakugadzirirai nzvimbo.

10 Uye zvakare, ivai “nemwoyo murefu mumatambudziko kudakara ^bndauya; uye, tarisai,

ndinouya nokukurumidza, uye mubairo wangu uneni, uye avo vakakasika “kunditsvaga vachawana ^dzororo kumweya yavo. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 55

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna William W. Phelps, paKirtland, Ohio, muna Chikumi 1831 (History of the Church, 1:184–186). William W. Phelps, mudhindi, nemhuri yake vakanga vachangosvika paKirtland, uye Muporofita akatsvaka Ishe kuti ave nezivo pamusoro pavo.

1–3, W. W. Phelps anodaidzwa nekusarudzwa kuti abhabhatidzwe, kuti agadzwe hugosa, uye kuti aparidze vhangeri; 4, Anofanira kunyora mabhuku evana vari kuzvikoro zveChechi; 5–6, Anofanira kufamba kuenda kuMissouri, iro richave dunhu rebasa rake.

TARISAI, vanodaro Ishe kwauri, iwe muranda wangu William, hongu, kunyangwe Ishe “vepasi rose, iwe wadaidzwa uye ukasarudzwa; mushure mekunge ^bwabhabhatidzwa nemvura, izvo kana ukaziita neziso rakanangana chete nekubwinya kwangu, uchawana kuregererwa kwezvitadzo zvako uye nokugashira Mweya Mutsvene nekugadzwa ‘maoko;

2 Uye ipapo uchagadzwa ne-

ruoko rwemuranda wangu Joseph Smith, Mwana, kuti uve gosa muchechi ino, kuti uparidze kutendeuka “nekuregererwa kwezvitadzo nenzira yekubhabhatidzwa muzita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari vapyenyu.

3 Uye panaani zvake wauchaisa maoko, kana vakazvirereka pamberi pangu, uchave nesimba rekupa Mweya Mutsvene.

4 Uye zvakare, uchagadzwa kuti ugoyamura muranda wangu Oliver Cowdery kuita basa rekudhinda, uye nokusarudza nokunyora “mabhuku ezvikoro zviriri muchechi ino, kuti vana vadiki naivowo vagashire rairo pamberi pangu sezvino-ndifadza ini.

5 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, pamusana

9a I VaT. 4:11.

10a NKM Mwoyo Murefu.

b Zvaka. 22:12.

NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

c Zir. 8:17.

NKM Munamoto.

d Mat. 11:28–30.

NKM Zororo.

55 1a Deut. 10:14;

1 Ni. 11:6;

2 Ni. 29:7.

b NKM Bhabhatidza.

c NKM Maoko,

Kugadzwa kwe.

2a NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

4a D&Z 88:118;

109:7, 14.

pechikonzero ichi uchatora rwendo rwako nevaranda vangu Joseph Smith, Mwana, na-Sidney Rigdon, kuti “mudyarwe munyika yenhaka kuti muite basa iri.

6 Uye zvakare, regai muranda wangu Joseph Coe naiyewo aende rwendo rwake navo. Zvasara zvichaitwa kuti zviziviswe pashure, kunyangwe sekuda kwangu. Amen.

CHIKAMU 56

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Kirtland, Ohio, muna Chikumi 1831 (History of the Church, 1:186–188). Ezra Thayre, akanga adomwa kuti afambe kuenda kuMissouri naThomas B. Marsh (ona chikamu 52:22), akatadza kutanga hushumairi hwake apo mumwe wake angeagadzirira. Gosa Thayre akanga asina kugadzirira kuti asimuke aende parwendo rwake pamusana pekuve mukati mematambudziko epaThompson, Ohio (ona misoro yechikamu 54). Ishe vakapindura kubvunza kweMuporofita panyaya iyi nekupa chakazarurwa ichi.

1–2, Vatendi vanofanira kutora muchinjikwa wavo uye vatevere Ishe kuti vawane ruponeso; 3–13, Ishe vanoraira uye vachidzora, uye vasingateerere vanoraswa; 14–17, Nhamo kune vapfumi vasingade kuyamura varombo, uye nhamo kune varombo vane mwoyo isina kutyoka; 18–20, Vakaropafadzwa varombo vakachena mumwoyo, nokuti vachawana nhaka yenyika.

TEEERERAI, imi vanhu “munotaura zita rangu, vanodaro Mwari venyu; nokuti tarisai, hashu dzangu dzatungidzwa pamusoro pevapanduki, uye vachaziva ruoko rwangu uye nekugumbuka kwangu, muzu-

va ^brekushanyirwa nerehasha kumarudzi.

2 Uye uyo asingazotora “muchinjikwa wake, ^bnekunditevera uye nekuchengeta mirairo yangu, iyeyo haazoponeswa.

3 Tarisai, ini Ishe, ndinoraira; uye uyo “asingazoteerera, ^bachazodimburwa achibviswa kana nguva yangu ini, yakakwana, mushure mekunge ndaraira uye murairo watyorwa.

4 Nokudaro ini Ishe, ndinoraira “nekudzora, zvinenge zvichiratidzika kwandiri kuti zvakanaka; uye zvose izvi zvichapindurirwa pamisoro ^byevapanduki, vanodaro Ishe.

5 Nokudaro, ndinodzora murairo wakapihwa kuvaranda

5a Amosi 9:15.

56 1a D&Z 41:1.

b Isa. 10:3–4; Morm. 9:2;
D&Z 1:13–14; 124:10.

2a Ruka 14:27.

b I Pet. 2:21;

2 Ni. 31:10–13;
Moro. 7:11.

NKM Jesu Kristu—
Muyenzaniso

waJesu Kristu.

3a NKM Anoteerera.
b D&Z 1:14–16; 50:8.

4a D&Z 58:31–33.

b NKM Hupanduki.

vangu “Thomas B. Marsh na-Ezra Thayre, uye ndopa murairo mutsva kumuranda wangu Thomas, kuti achaenda rwendo rwake nokukurumidza kuenda kunyika ye Missouri, uye nemuranda wangu Selah J. Griffin naiyewo achaenda naye.

6 Nokuti tarisai, ndinodzora murairo wakanga wapihwa kumaranda wangu Selah J. Griffin uye naNewel Knight, pamusana pekuomesa mutsipa kwevanhu vangu vari muThompson, uye nokupanduka kwavo.

7 Nokudaro, regai muranda wangu Newel Knight arambe ainavo; uye vose vanoda kuenda ngavaende, avo vakazvire-reka pamberi pangu, uye vatungamirwe naye kunyika yandakadoma.

8 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti muranda wangu Ezra Thayre anofanira kutendeuka “pakuzvikudza kwake, uye nohundingoveni hwake uye aterere kumurairo wekare uyo wandakamupa maererano nenzvimbo yaanogara.

9 Uye kana akaita izvi, sezvo pasina kupatsanurwa kuchaitwa munyika umu, achadomwa zvakare kuti aende kunyika yeMissouri;

10 Kana kuti angangozogashidzwa mari yaakabhadhara, uye onzi asiye nzvimbo, uye “odimburwa kubva muhechi

yangu, vanodaro Ishe Mwari vehondo;

11 Uye kana dai denga nyenika zvikapfuura, mazwi aya “haazopfuura, asi achazadzikiswa.

12 Uye kana muranda wangu Joseph Smith, Mwana, achifanira kubhadhara mari iyoyo, tarisai, ini Ishe, ndinozoiibhadhara kwaari zvakare munyika yeMissouri, kuti avo vaachagashira kwavari vagopihwa mubairo zvakare maererano neicho chavanoita;

13 Nokuti maererano neicho chavanoita vachagashira, kunyangwe nyenika senhaka yavo.

14 Tarisai, vanodaro Ishe, kuvanhu vangu—mune zvinhu zvizhinji zvekuita uye nezvekutendeuka kubva kwazviri; nokuti tarisai, zvitadzo zvenyu zvakwira kwandiri, uye hazvina kuregererwa, nokuti munotsvaka “kurairwa nenzira dzenyu mega.

15 Uye mwoyo yenyu haigutswe. Uye hamuteerere kuchokwadi, asi “munofara mukusarurama.

16 Nhamo kwamuri imi vanhu “makapfuma, imi musingade^b kupa zvamuinazvo ‘kuvarombo, nokuti^d upfumi hwenyu huchave zvipfukuto zvemweya yenyu; uye uku ndikokuchave kuchema kwenyu muzuva rekurangwa kwenyu, nekutongwa, uye nerekgumbuka:

5a NKM Marsh,
Thomas B.
8a NKM Kudada.
10a NKM Kubviswa
Hunhengo.

11a 2 Ni. 9:16.
14a Jak. 4:10.
15a Aruma 41:10;
3 Ni. 27:11.
16a Jer. 17:11; 2 Ni. 9:30.

^b NKM Kupa zvipo.
^c Zir. 14:31;
Aruma 5:55-56.
NKM Murombo.
^d Jkb. 5:3.

“Kukohwa kwapfuura, zhizha rapera, uye mweya wangu ha-una kuponeswa!

17 Nhamo kwamuri imi vanhu “varombo, mune mwoyo isina kutyoka, uye mune mweya isina kupfava, uye mune matumbu asingagute, uye mune maoko asingadzorwe pakutora zvinhu zvevamwe, vane maziso azere ^bmakaro, uye musingagone kuzvishandira nemaoko enyu pachenyu!

18 Asi vakaropafadzwa “varombo avo vakachena mumwoyo, avo vane mwoyo ^byakaninipa, uye vane mweya yakapfava,

nokuti vachaona “umambo hwa-Mwari huchiuya musimba uye nokubwinya kukuru mukuponeswa kwavo; nokuti mafuta ^aenyika achave avo.

19 Nokuti tarisai, Ishe vachauya, uye “mibairo yavo vachange vainayo, uye vachapa mubairo wose munhu, uye varombo vachava nokufara;

20 Uye zvizvarwa zvavo “zvichagara nhaka yenyika kubva kuchizvarwa kuenda kune chimwe chizvarwa, nariini nariini. Uye zvino ndavekumira kutaura kwamuri. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 57

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, muZioni, Ruwa rweJackson, Missouri, 20 Chikunguru 1831 (History of the Church, 1:189–190). Vachiita sekutaurwa kwazvakanga zvaitwa naIshe (chikamu 52), magosa vakanga vafamba kubva kuKirtland kuenda kuMissouri vachiona zvinhu zvizhinji zvakasiyana-siyana uye nekupikiswa. Mukufunga nechimiro chemaRamani uye nekushaya rujeko, hunhu uye nekunamata pakati pevanhu vose zvavo, Muporofita akati: “Ko renje richatumbuka riini seruva? Ko Zioni ichavakwa rinhiko mukubwinya kwayo, uye Temberi yenyu ichamira papi, umo ose marudzi achenda mumazuva ekupedzisira?” (History of the Church, 1:189). Kubva pane izvozvi akagashira chakazarurwa ichi.

1–3, *Guta rinonzi Independence, Missouri ndiyo nzvimbo yeguta reZioni netemberi; 4–7, Vatendi vanofanira kutenga nzvimbo kuti vagashire nhaka mudunhu iroro; 8–16, Sidney Gilbert anofanira kumisa chitoro, W. W. Phelps ndi-*

ye achave mudhindi, uye Oliver Cowdery ndiye achapesva nhau kuti dzishambadzwe.

TEEERERAI, imi magosa echechi yangu, vanodaro Ishe Mwari venyu, imi makazviu-

16e Jer. 8:20;
Aruma 34:33–35;
D&Z 45:2.

17a Mosaya 4:24–27;
D&Z 42:42; 68:30–32.
^b NKM Kuchiva.

18a Mat. 5:3, 8;

Ruka 6:20; 3 Ni. 12:3.
NKM Murombo.

^b NKM Mwoyo
Wakatyoka.

^c NKM Umambo
hwaMwari kana
Umambo

^d hweKudenga.
NKM Pasi.

19a Zvaka. 22:12;
D&Z 1:10.

20a Mat. 5:5;
D&Z 45:56–58.

nganidza pamwechete, maerano nemirairo yangu, munyika muno, iri iyo nyika ^ayeMissouri, inovene ndiyo ^bnyika yandadoma uye ^cndikaipira ^dkuungana kwevatendi.

2 Nokudaro, ino ndiyo nyika yechivimbiso, uye ^anzvimbo yeguta ^breZioni.

3 Uye vanodaro Ishe Mwari venyu, kana muri munogashira ungaru heuno ungaru. Tarisai, nzvimbo iri kudaidzwa zvino kuti Independence ndiyo nzvimbo iri pakati; uye nzvimbo ^ayetemberi iri nechekumadokero, pahoko isiri kure nembainotongerwa mhosva.

4 Nokudaro, ungaru kuti nzvimbo yacho ^aitengwe nevatendi; uyezve nekose kanzvimbo kari kumadokero, kunyangwe kusvika kumutsetse unomhanya pakati ^bpemuJuda nemuJentairi;

5 Uye zvakare nenzvimbo ipi zvayo yakaganurana nemapani, sekubvumirwa kunoitwa vadzidzi vangu ^akutenga nzvimbo. Tarisai, uhwu ungaru, kuti ^bvaitore senhaka isingaperi.

6 Uye regai muranda wangu Sidney Gilbert amire mubasa randakamudomesa, kuti atambire mari, kuti ave ^amumiririri wecheki, kuti kutengwe

nzvimbo mumatunhu ose akatenderedza, uye chero zvichii-twa zvinoitwa mukururama, uye sekutungamirwa kuchaitwa neungwaru.

7 Uye regai muranda wangu ^aEdward Partridge amire mubasa randakamudomera, uye ^bagovere vatendi nhaka yavo, kunyangwe sezvandakaraira; uye naizvowo avo vaakadoma kuti vamuyamure.

8 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu Sidney Gilbert azvidyare munzvimbo iyi, uye amise chitoro, uye kuti agotengesa zvinhu asingabire, kuti agowana mari yekutengesa nzvimbo dzakanakira vatendi, uye nekuti agone kuwana zvose zvazvo zvinhu zvingadiwe nevadzidzi kuti vazvidyare munhaka yavo.

9 Uyewo regai muranda wangu Sidney Gilbert awane rezinesi — tarisai heuno ungaru, uye uyo ani zvake anorwuvirenga ngaanzwisise — kuti anogona kutumirawo zvinhu kuvanhu, kunyangwe neavo vaachapinza basa sevanyori vanoshanda mukumubatsira;

10 Uye saka ndinopa vatendi vangu, vhangeri rangu kuti riparidzwe kune avo vagere

57 1a D&Z 52:42.

b D&Z 29:7-8;
45:64-66.

c D&Z 61:17.

d NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.

2a D&Z 28:9; 42:9, 62.

b NKM Zioni.

3a D&Z 58:57; 97:15-17.

4a D&Z 48:4.

b NEMAMWE MAZWI
“Juda” apa zvinoreva
maRamani, uye
“Jentairi” kuvagari
vechichena.

5a D&Z 58:49, 51;

101:68-74.

b D&Z 56:20.

6a D&Z 53.

7a D&Z 58:24.

NKM Partridge,
Edward.

b D&Z 41:9-11;
58:14-18.

“murima uye mudunhu ^bnemumumvuri werufu.

11 Uye zvakare, zvirokwa-zvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu “William W. Phelps adyarwe munzvimbo ino, uye agomiswa ^bsemudhindi wehechi.

12 Uye onai, kana nyika ikagashira zvinyorwa zvake — tarisai heuno ungaru — regai awane chiri chose zvacho chaanokwanisa kuwana mukururama, kuitira kupunduka kwevatendi.

13 Uye regai muranda wangu “Oliver Cowdery amuyamure, kunyangwe sekuraira kwandakaita, munzvimbo ipi zvayo yandichamudomera, kuti anyore, nokugadziridza, nokusaru-

dza, kuti zvose zvinhu zvive zvakanaka pamberi pangu, sezvazvicharatidzwa neMweya kuburikidza naye.

14 Uye saka regai avo vandataura vadyarwe munyika yeZioni, nokukurumidza kwose kunokwanisika, nemhuri dzavo kuti vaite zvinhu izvozvo kunyangwe sekutaura kwandaite.

15 Uye zvino maererano negungano — Regai bhishopi nemumiririri wake vagadzirire mhuri idzodzo dzakarairwa kuti dziuye kunyika ino, nokukurumidza, uye nokuvadzika munhaka yavo.

16 Uye kune vakasara vose, magosa nenhengo, mimwe mirairo ichapihwa pashure. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 58

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, muZioni, Ruwa rweJackson, Missouri, 1 Nyamadhuvhu 1831 (History of the Church, 1:190–195). Pamusi weSabata rekutanga mushure mekusvika kweMuporofita nevamwe vake muRuwa rweJackson, Missouri kwakaitwa ungoro yechinamoto, uye nhengo mbiri dzikagashira rubhabhatidzo. Mukati mevhiki iroro, vamwe veVatendi veColesville veBazireThompson uye nevamwewo vakasvika (ona chikamu 54). Vazhinji vaive neshungu dzekuda kuziva chido chaIshe maererano navo munzvimbo itsva iyi yekuungana.

1–5, Avo vanotsungirira mudambudziko vachashongedzwa nekubwinya; 6–12, Vatendi vanofanira kugadzirira tsvitsa yeGwayana uye nokudya kwemanheru kwaIshe; 13–18, Mabhishopi ndivo vatongi vemuIsraeri; 19–23, Vatendi va-

nofanira kuteerera mitemo yenyika; 24–29, Vanhu vanofanira kushandisa kusununguka kwavo kuita zvakanaka; 30–33, Ishe vanotaura uye vanodzora; 34–43, Kutendeuka, vanhu vanofanira kureurura nekusiya zvitadzo zva-

10a Isa. 9:2; Mat. 4:16.
NKM Rima,
zveMweya.

b Mpi. 23:4.
11a NKM Phelps,
William W.

b D&Z 58:37, 40–41.
13a NKM Cowdery,
Oliver.

vo; 44-58, *Vatendi vanofanira kutenga nhaka yavo uye voungana muMissouri*; 59-65, *Vhangeri rinofanira kuparidzwa kuchisi-kwa chose*.

TEEERERAI, imi magosa echechi yangu, uye mupe nzeve kushoko rangu, uye mudzidze nezvangu kuti chii chandinoda pamusoro penyu, uyewo nepamusoro penyika “ino kwandakutumirai.

2 Nokuti zvirokwasvo ndinoti kwamuri, akaropafadzwa uyo “anochengeta mirairo yangu, muupenyu kana ^bmurufu; uye neyu ‘akatendeka ^dmukutambudzika, mubairo waiyeyo mukuru chaizvo muumambo hwekudenga.

3 Hamukwanise kuona nemaziso enyu enyama, kwenguva ino, kuronga ^akwaMwari yenyu pamusoro pezvinhu izvo zvichauya mushure, uye ^bnokubwinya kuchatevera mushure mekutambudzika kukuru.

4 Nokuti mushure ^amekutambudzika kukuru kunouya ^bmaropafadzo. Nokudaro zuva riri kuuya iro ‘ramuchagadzwa ^dnekubwinya kukuru; nguva yacho haisati yasvika, asi yave pedyo.

5 Rangarirai izvi, zvandinombokutaurirai, kuti ^amuzviise

mumwoyo, uye mogashira izvo zvichatevera.

6 Tarisai, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, nechikonzero ichi ndakutumirai—kuti muve munoteerera, uye nokuti mwoyo yenyu “igadzirire kupa ^buchapupu hwezvinhu zvichauya;

7 Uye nekutiwo mukudzwe mukuhwarika hwaro, uye nemukutakura zvinyorwa zvenyika iyo ichamiswa “Zioni yaMwari.

8 Uyewo kuti mabiko ezvinhu zvemafuta agadzirirwe “varombo; hongu, mabiko ezvinhu zvamafuta newaini ^byakanyatsogadzana, kuti pasi pagoziva kuti miromo yevaporofita haiwire pasi;

9 Hongu, kudya kwemanheru kwemba yalshe, kwakagadzirwa zvakanaka, uko kuchakokerwa marudzi ose.

10 Kutanga, vapfumi nevakadzidza, vazivi nevano remekedzwa;

11 Uye mushure mezvo kunouya zuva resimba rangu; zvino pachati varombo, vakaremara, nemapofu, nematsi, vopinda ^akutsvitsa yeGwayana, uye kunodya ^bkudya kwemanheru kwaIshe, kwakagadzirirwa zuva guru richauya.

12 Tarisai, ini Ishe, ndazvitaura.

13 Uye kuti ^auchapupu hue-

58 1a D&Z 57:1-8.

2a Mosaya 2:22.

b I Pet. 4:6.

c II VaT. 1:4.

d NKM Matambudziko.

3a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.

b NKM Kubwinya.

4a Mpi. 30:5;

D&Z 101:2-7;

103:11-14; 109:76.

b NKM Kuropafadzwa.

c NKM Ngundu;

Rusimudzirwo.

d VaR. 8:17-18;

D&Z 136:31.

5a Deut. 11:18-19.

6a D&Z 29:8.

b NKM Uchapupu.

7a NKM Zioni.

8a NKM Murombo.

b Isa. 25:6.

11a Mat. 22:1-14;

Zvaka. 19:9;

D&Z 65:3.

b Ruka 14:16-24.

13a Mika 4:2.

nde huchibva kuZioni, hongu, kubva mumuromo weguta renhaka yaMwari—

14 Hongu, nechikonzero ichi ndakutumirai ikoko, uye ndasarudza muranda wangu “Edward Partridge, uye ndikadoma basa rake munyika ino.

15 Asi kana asina kutendeuka kubva muzvitadzo zvake, izvo zviri kusatenda uye nehupofu hwemwoyo, regai azvichenjerere potse “angapunzike.

16 Tarisai hushumiri hwake hwakapiwa kwaari, hauzopi-hwa zvakare.

17 Uye ani zvake achamira muhushumiri uhwu anodomwa kuti ave “mutongi muIsraeri, sezvakange zvakaita mumazuva akare, kugovanisa nyika dzenhaka yaMwari ^bkuvana vavo;

18 Uye nokutonga vanhu vavo neuchapupu hwekuzanisa, uye neruyamuro rwevabatsiri vavo, maererano nemitemo yeumambo iyo inopihwa “nevaporofita vaMwari.

19 Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, mutemo wangu uchachengetwa munyika ino.

20 Ngakurege kuve nemunhu anofunga kuti mutongi, asi regai Mwari vamutonge ivavo vanotonga, maererano nekura-ira kwavanoda ivo pachavo, kana nemamwe mazwi, ivo vanoraira kana vanogara pachigaro chekutonga.

21 Hapana munhu anofanira “kutyora mitemo yenyika, nokuti uyo anochengeta mitemo yaMwari haana chaanotyorerera mitemo yenyika.

22 Nokudaro, ivai pasi pemasi-mba aripo, kudakara “vatonga avo vane mvumo yekutonga, uye vagokurira dzose mhandu dziri pasi petsoka dzavo.

23 Tarisai, “mitemo yamaka-tambira kubva mumaoko angu mitemo yechechi, uye muchi-yedza ichi. Tarisai, houno ungaru.

24 Uye zvino, sezvo ndichitaura pamusoro pemuranda wangu Edward Partridge, nyika ino inyika yake yokugara, uye neavo vaakadoma sevabatsiri vake; uye ndiyowo nyika yekugara yeuyo wandakadoma kuti achengete “imba yangu yekuchengetera;

25 Nokudaro, regai vaunze mhuri dzavo kunyika ino, sekurangana kwavachaita pakati pavo neni.

26 Nokuti tarisai, hazvina kunaka kuti ndiraire muzvinhu zvose; nokuti uyo anomanikidzwa muzvinhu zvose, iyeyo ane “nungo haazi muranda akachenjera; nokudaro haagashire mubairo.

27 Zvirokwazvo ndinoti, vanhu vakafanira kubata “nechido mabasa akanaka, uye vaite zvinhu zvakawanda nekuda

14a NKM Partridge, Edward.

15a I VaKori. 10:12.

17a D&Z 107:72-74.

NKM Bhisopii.

b NKM Vanakomana neVanasikana

vaMwari.

18a NKM Muporofita.

21a Ruka 20:22-26;

D&Z 98:4-10;

Mis. yeCh. 1:12.

NKM Hurumende.

22a NKM Jesu Kristu;

Mesia; Mereniamu.

23a NKM Mutemo.

24a D&Z 51:13; 70:7-11.

26a Mat. 24:45-51;

D&Z 107:99-100.

27a NKM Hushingi;

Mabasa.

kwavo ivo vakasununguka, uye vagounza kururama kwakanyanya;

28 Nokuti simba riri mavari, naizvozvo “vanozvimirira pachavo. Uye kana vanhu varikuita zvakanaka hakuna chingaita kuti varasikirwe nemubairo wavo.

29 Asi uyo asina chaanoita kudakara arairwa, uye ogashira murairo nemwoyo unokahadzika, uye achiuchengeta nenungo, iyeyo “anotongwa.

30 Ko ini ndiri ani “ndakasika munhu, vanodaro Ishe, anoti haana mhosva uyo asinga teerere mirairo yangu?

31 Ko ini ndiri ani, vanodaro Ishe, “ndakavimbisa asi ndorega kuzadzikisa?

32 Ndinoraira uye vanhu havateerere; “ndinopfudza uye havazogashira maropafadzo.

33 Zvino vanoti mumwoyo mavo: Iri harisi basa ralshe, nokuti zvivimbiso zvavo hazvina kuzadzikiswa. Asi nhamo kune vakadaro, nokuti mubairo wavo wakahwandira “pasi, uye kwete kumusoro.

34 Uye zvino ndinokupai mimwe mirairo pamusoro penyika ino.

35 Ungwaru mandiri kuti muranda wangu Martin Harris anofanira kuve mufananidzo kuchechi, “mukuisa mari yake pamberi pabhishopi wechechi.

36 Uye zvakare, uyu mutemo kumunhu wose anouya munyika muno kuzogashira nhaka; uye achiita nemari yake maererano nezvinotaura mutemo.

37 Uye ungwaruwo zvakare kuti kuve nenzvimbo dzinotengwa muIndependence, kuitira nzvimbo yeimba yekuchengetera, uyewo nemba “yekudhindira.

38 Uye nemimwe mirairo pamusoro pemuranda wangu Martin Harris ichapihwa kwari neMweya, kuti agogashira nhaka yake sezvaanoda iye;

39 Uye regai atendeuke kuzvitadzo zvake, nokuti ari kutsvaka “kurumbidzwa nenyika.

40 Uyewo regai muranda wangu “William W. Phelps amire mubasa randamudomera, uye agotambira nhaka yake munyika;

41 Uye naiyewo anofanira kutendeuka, nokuti ini Ishe, handizi kunyatsofadzwa naye, nokuti anotsvaka kubudirira, uye haana kunyatsonyorova pamberi pangu.

42 Tarisai, uyo “akatendeuka pazvitadzo zvake, iyeyo ^banoregererwa, uye ini Ishe, ^ahandizozviyeuka nariini.

43 Nezvizvi muchaziva kana munhu atendeuka kuzvitadzo zvake—tarisai, “anozvireurura uye ^bozvisiya.

44 Uye zvino, zvirokwazvo, ndinoti maererano nevakasara

28a NKM Kuzvisarudzira.

29a NKM Kuraswa.

30a Isa. 45:9–10; Hir. 12:6.

31a D&Z 1:37–38; 82:10.

32a D&Z 56:3–4.

33a D&Z 29:45.

35a D&Z 42:30–32.

37a D&Z 57:11–12.

39a 2 Ni. 26:29;

D&Z 121:34–37.

40a NKM Phelps,
William W.

42a NKM Rutendeuko.

^b Isa. 1:18.

NKM Regerera.

^c Isa. 43:25.

43a D&Z 19:20; 64:7.

NKM Reurura,
Reururo.

^b D&Z 82:7.

vemagosa echechi yangu, nguva haisati yasvika, kwemakore mazhinji, yekuti vagashire nhaka yavo munyika ino, kunzve kwekunge vazvida kuburikidza nemunamato werutendo, sekudomwa chete kwazvichaitwa kwavari naIshe.

45 Nokuti tarisai, “vachasaidzira vanhu pamwechete kubva kumiganhu yenyika.

46 Nokudaro, unganai pamwechete; uye vasina kudomwa kuti vagare munyika muno, regai vaparidze vhangeri muraruwa akatenderedza; uye mushure mezvo regai vadzokere kumisha yavo.

47 Regai vaparidze nemunzira, uye “vape uchapupu hwezvechokwadi munzvimbo dzose, uye vadaidzire kuvapfumi, vari pamusoro nevaripasi, uye nevarombo kuti vatendeuke.

48 Uye regai vavake “machechi, maererano nekutendeuka kuchaita vagari vepasi.

49 Uye regai pave nemumiririri anodomwa nezwi rechechi, kuchechi yekuOhio, kuti agotambira mari yekutengesa nzvimbo “muZioni.

50 Uye ndinopa kumuranda wangu Sidney Rigdon murairo, kuti “anyore tsananguro yenyika yeZioni, uye nemazwi echidochamwari, sekuziviswa kwachaitwa neMweya;

51 Uye tsamba nechiziviso, zvinoiswa kumachechi ose kuti awane mari, inofanira kuiswa

mumaoko abhishopi, iye kana mumiririri, sekuona kwaanenge achiita kana sezvaanenge ataura, kutenga nzvimbo yenhaka yevana vaMwari.

52 Nokuti tarisai, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, Ishe vanoda kuti vadzidzi nevana vevanhu vavhure mwoyo yavo, kunyangwe kutenga dunhu rose rino renyika, nokukurumidza zviri maererano nezvinotenderwa nenguva.

53 Tarisai, houno ungaru. Regai vaite izvi potse vangazotadza kugashira “nhaka, kunzve kwekunge kwatodeurwa ropa.

54 Uye zvakare, sezvo nzvimbo ichinge yawanikwa, regai kugove nevashandi vechirume vakasiyana-siyana vanotumirwa kunyika ino, kuzoshandira vatendi vaMwari.

55 Regai zvinhu zvose izvi zvitwe netsika kwayo; uye itai kuti kodzero dzenzvimbo dzizivikanwe nguva nenguva, nabhishopi kana mumiririri wechechi.

56 Uye regai basa rekuungana risaitwe nekukurumbidza, kana nekumhanyidzana; asi regai ritwe sekurairwa kwazvinenge zvaitwa nemagosa echechi mumisangano, maererano neruzivo rwavanowana nguva nenguva.

57 Uye regai muranda wangu Sidney Rigdon apire nokukumikidza nyika ino, uye nepanzvimbo “yetemberi, kuna Ishe.

58 Uye regai kudaidzwe muchechi; uye mushure mezvo

45a Deut. 33:17.
NKM Israeri—
Kuanganidzwa kwa
Israeri.

47a D&Z 68:8.
48a NEMAMWE MAZWI
mapazi eChechi.
49a NKM Zioni.

50a D&Z 63:55–56.
53a D&Z 63:27–31.
57a D&Z 57:3; 84:3–5, 31;
97:10–17.

regai varanda vangu Sidney Rigdon naJoseph Smith, Mwana, vadzokere, uyewo naOliver Cowdery navo, kunopedzisa basa rakasara iro randakavadorera munyika mavo, uye nezvakasara “sekutonga kuchaitwa nemisangano.

59 Uye ngakurege kuva nemunhu anodzokera achibva munyika ino kunze kwekunge “achipupura munzira, neizvo zvaanoziva uye zvaanotenda zvechokwadi.

60 Regai izvo zvakapihwa kuna Ziba Peterson zvitorwe kubva kwaari; uye regai amire senhengo muchechi, uye ashande nemaoko ake, nehama, kudakara “arangwa zvakakwana maererano nezvitadzo zvake zvose; nokuti haazvireurure, uye anofunga kuzvivanza.

61 Regai vakasara vemagosa

echechi ino, avo varikuuya munyika muno, vamwe vacho vakaropafadzwa zvikuru kunyangwe zvinotopfuura mwe-ro, vaitewo musangano munyika muno.

62 Uye regai muranda wangu Edward Partridge atungamire musangano wavachaita.

63 Uye regai naivowo vadzokere, vachiparidza munzira, vachipa uchapupu hwezvinhu zvinoratidzwa kwavari.

64 Nokuti, zvirokwazvo, ru-zha rwakafanira kubva panzvimo ino rwuchienda pasi pose, uye nekumativi ose enyika—vhangeri rinofanira “kuparidzwa kuchisikwa chose, uye ^bnezviratidzo zvichitevera avo vanotenda.

65 Uye tarisai Mwanakomana weMunhu “anouya. Amen.

CHIKAMU 59

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, muZioni, Ruwa rweJackson, Missouri, 7 Nyamavhuvhu 1831 (History of the Church, 1:196–201). Asati anyora chakazarurwa chino, Muporofita anonyora achitsanangura nezvenyika yeZioni, umo makange zvino vanhu vaungana. Nyika yakapirwa, sekutaurwa kwazvakanga zvaitwa naIshe, uye nepanzvimbo paizoiswa temberi pakakumikidzwa. Ishe vanoita mirairo iyi kuti inangane neVatendi vari muZioni.

1–4, Vakatendeka Vatendi vemuZioni vacharopafadzwa; 5–8, Vanofanira kuda uye nokushandira Ishe uye nokuchengeta mirairo yavo; 9–19, Nokuchengeta zuva raIshe riri dzvene, Vatendi vano-

ropafadzwa munyama nemumweya; 20–24, Vakarurama vanovimbiswa runyararo munyika ino uye neupenyu hwokusingaperi munyika ichauya.

58a NKM Kubvumirana kwewose.

59a NKM Uchapupu.

60a NKM Kuranga.

64a NKM Paridza.

b NKM Chiratidzo.

65a NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu Kristu.

TARISAI, vakaropafadzwa, vanodaro Ishe, avo vanouya kunyika ino uye vaine “changanwa chakanangana chete nekubwinya kwangu, maerano nemirairo yangu.

2 Nokuti avo vapenyu vachawana “nhaka yepasi, uye avo ^bvakafa vachazorora kubva mukushanda kwavo kwose, uye mabasa avo achavatevera; uye vachagashira ‘korona ^dmu-dzimba dzababa vangu, idzo dzandakavagadzirira.

3 Hongu, vakaropafadzwa avo vane tsoka dzimire pamusoro penyika yeZioni, avo vakateerera vhangeri rangu; nokuti vachagashira semubairo wavo zvinhu zvakana zvepasi, uye richabereka “nesimba raro.

4 Uye vachapfekedzwa korona yemaropafadzo anobva kumusoro, hongu, uye nemirairo isiri mishoma, uye “nezvakazarurwa munguva yavo—avo ^bvakate-ndeka uye ‘vanoshingaira pamberi pangu.

5 Nokudaro, ndinopa kwavari murairo, ndichiti: “Idai Ishe Mwari venyu ^bnemwoyo yenyu yose, neshungu dzenyu,

nepfungwa, nesimba; uye nemuzita rafesu Kristu ‘muchavashandira.

6 Mude “muvakidzani wenyu sekuzvida kwamunozviita. ^bMusabe; kana kuita ‘upombwe, kana ^dkuuraya, kana kuita chimwe chinhu chakadaro.

7 “Mutende Ishe Mwari venyu mune zvinhu zvose.

8 Mupe “mupiro kuna Ishe Mwari venyu ^bmukururama, kunyangwe uyo wemwoyo wakatyoka uye nemweya ‘wakapfava.

9 Uye kuti mukwanise kuzvichengeta zvakakwana “musina kavara kubva munyika, muchaenda kumba yemunamoto monopa sakaramende yenyu muzuva ^bdzvene rangu;

10 Nokuti zvirokwazvo iri ndiro zuva ramakadomerwa kuti muzorore kubva mukushanda kwenyu, uye “nokuisa minamoto kuna Ivavo Vepamusoro-soro;

11 Zvakadaro zvitsidzo zvenyu zvichapirwa mukururama uye mumazuva ose uye nenguva dzose;

12 Asi rangarirai kuti pane irori, zuva raIshe, muchapira

59 1a Mat. 6:22-24;
D&Z 88:67.

2a Mat. 5:5;
D&Z 63:20, 48-49.

b Zvaka. 14:13.
NKM Rufu,
rwenyama; Paradiso.

c NKM Ngundu;
Rusimudzirwo.

d Joh. 14:2;
D&Z 72:4; 76:111;
81:6; 98:18.

3a Gen. 4:12; Mos. 5:37.

4a D&Z 42:61; 76:7;
98:12; 121:26-29.

NKM Zvakazarurwa.
b NKM Anechiremera.

c NKM Hushingi.

5a Deut. 11:1; Mat. 22:37;
Moro. 10:32;
D&Z 20:19.

NKM Rudo.

b NKM Mwoyo.

c NKM Rubatsiro.

6a NKM Kuwadzana.
b NKM Kuba.

c NKM Hupombwe.
d NKM Kuponda.

7a Mpi. 92:1;
Aruma 37:37;
D&Z 46:32.

NKM Kupakutendo.

8a NKM Kupira.
b NKM Akarurama.
c NKM Mwoyo
Wakatyoka.

9a Jkb. 1:27.

b NKM Zuva reSabata.
10a NKM Kunamata.

“mipiro yenyu nesakaramende yenyu kuna Ivo Vepamusoro-soro, ^bmuchireurura zvivi zvenyu kuhama dzenyu, uye nepamberi palshe.

13 Uye muzuva irori hapana chimwe chamuchaita, itai che-te kuti kudya kwenyu kugadzirwe nemwoyo mumwechete kuti ^akutsanya kwenyu kuve kwakakwana, kana, nemamwe mazwi, kuti ^bkufara kwenyu kuve kuzere.

14 Zvirokwazvo, uku ndiko-kutsanya nemunamato, kana kuti nemamwe mazwi, kufara nekunamata.

15 Uye kana muri munoita zvinhu izvi ^anokutenda, ^bnemwoyo nehuso ^chwakafaranuka, uye pasina ^dkuseka kwakanyanya, nokuti izvozvo chitadzo, asi nemwoyo unofara uye nechiso chakafaranuka —

16 Zvirokwazvo ndinoti, kana muri munoita izvi, zvole zve-pasi ndezvenyu, mhuka dzesango neshiri dzedenga, neicho chinokwira mumiti nechinofamba pasi;

17 Hongu, uye negwenzi, uye nezvinhu zvakanaka zvinobva muvhu, kana dai zviri zvekudya kana zvekuitisa zvipfeko, kana zvedzimba, kana zvematura, kana zveminda yemichero, kana zvemapindu, kana zveminda yemizambiringa;

18 Hongu, zvole zvinhu zvinobva ^anemuvhu, mumwaka wazvo, zvinoitirwa kupundutsa nokushandiswa nemunhu, zvole kufadza ziso uye nokufadza mwoyo;

19 Hongu, zvekudya nezvezvipfeko, kuraira kana kunhuzidza, kusimbisa muviri uye nokumutsa mweya.

20 Uye zvinofadza Mwari kuti vakapa zvole zvinhu izvi kumunhu; nokuti nechikonzero ichocho ndozvazvakaitirwa kuti zvishandiswe, neungwaru, kwete kupfuuridza, kana nekupamba.

21 Uye hapana chimwe chinaita kuti munhu ^aagumbure Mwari, kana kuti hakuna uyo wavakashatirirwa, kunze kwe-avo ^bvasingatende ruoko rwavo muzvinhu zvole, uye vasingateerere mirairo yavo.

22 Tarisai, izvi zviri maererano nemutemo uye ne vaporofita; nokudaro, chiregai kuramba muchindinetsa pamusoro penyaya iyi.

23 Asi dzidzai kuti uyo anoita mabasa ^aekururama achagashira ^bmubairo wavo, kunyangwe ^crunyararo pasi pano uye neupenyu ^dhwokusingaperi munyika ichauya.

24 Ini, Ishe, ndazviture, uye Mweya unopa uchapupu. Amen.

12a NEMAMWE MAZWI mipiro, ingangove yenguva, zvipo, kana maitiro, mukushandira Mwari nemumwe wako.
NKM Kupira.

^b NKM Reurura, Reururo.

13a NKM Kutsanya.

^b NKM Rufaro.

15a NKM Kupakutendo.

^b Zir. 17:22.

^c Eks. 25:2; D&Z 64:34.

^d D&Z 88:69.

18a NKM Pasi.

21a NKM Tadzira.

^b Jobo 1:21.

23a NKM Akarurama.

^b NKM Kuropafadzwa.

^c Mat. 11:28-30.

NKM Runyararo.

^d D&Z 14:7.

CHIKAMU 60

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, muRuwa rweJackson County, Missouri, 8 Nyamavhuvhu 1831 (History of the Church, 1:201-202). Panguva iyi magosa akanga adomwa kuti adzokere kuMabvazuva vakada kuziva kuti vanofamba sei nenzira ipi nechavanofambisa.

1-9, *Magosa vanofanira kuparidza vhangeri mumagungano evakaipa; 10-14, Havana kufanira kurasa nguva yavo, kana kufusira zvipo zvavo; 15-17, Vanogona kushamba tsoka dzavo seuchapupu pamusoro peavo vanoramba vhangeri.*

TARISAI, vanodaro Ishe kumagosa echechi yavo, avo vakafanira kudzokera nokukurumidza kunyika kwavakabva: Tarisai, zvinondifadza ini, kuti mauya kuno;

2 Asi nevamwe handinyatsofara, nokuti havadi kuzurura “mirono yavo, asi ^bvanoviga chipo chandakapa kwavari, pamusana pekutya munhu. Nhamo kune vakadaro, nokuti hasha dzangu dzinobatidzwa kwavari.

3 Uye zvichaitika kuti, kana vasiri vakatendeka zvikuru kwandiri, “chichatorwa, kunyangwe neicho chavainacho.

4 Nokuti ini Ishe, ndinotonga mumatenga kumusoro, uye nepakati “pemawuto epasi; uye muzuva iro randichaunganidza ^bzvishongo zvinokosha zvangu, vose vanhu vachaziva kuti chii icho chinotaura simba raMwari.

5 Asi zvirokwazvo, ndichata-

ura kwamuri pamusoro perwendo rwenyu kunyika uko kwamakabva. Ngakugadzirwe chikepe, kana kuti chitengwe, sezvamunoona zvakakunakirai, hazvina mhosva kwandiri, uye mutore rwendo rwenyu noku-kurumidza kuenda kunzvimbo inonzi St Louis.

6 Uye kubva ikoko regai varanda vangu, Sidney Rigdon, Joseph Smith, Mwana, naOliver Cowdery, vatore rwendo rwavo kuenda kuCincinnati;

7 Uye munzvimbo iyoyi regai vasimudze mazwi avo uye vataure shoko rangu nezwi guru, pasina hasha kana kukahadzika, vachisimudzira maoko matsvene pavari. Nokuti ndinokwanisa kukuitai “vatsvene, uye zvitadzo zvenyu ^bmazviregererwa.

8 Uye regai vakasara vatore rwendo rwavo kubva kuSt. Louis, vari vaviri-vaviri, uye vachiparidza shoko, kwete mukukurumidza, pakati chechi dzevakaipa, kudakara vadzokera chechi dzavakabva.

9 Uye zvose izvi zvichaitirwa kunakira machechi; nechinangwa ichi ndavatumira.

10 Uye regai muranda wangu

60 2a VaE. 6:19-20.

b Ruka 8:16, 18.

c Mat. 25:14-30.

NKM Kutya—Kutya Munhu.

3a Marko 4:25;

D&Z 1:33.

4a Aruma 43:50.

b Isa. 62:3; Zek. 9:16; Mara. 3:17;

D&Z 101:3.

7a NKM Hutsvene.

b NKM Regerera.

“Edward Partridge agove mari yandamupa, imwe kumagosa angu arairwa kuti adzokere;

11 Uye uyo anokwanisa, regai aidzore nekumumiririri; uyo asingakwanise, kwaari haidiwe.

12 Uye zvino ndavekutaure nevakasara vanofanira kuuya munyika muno.

13 Tarisai, vakatumirwa kuzoparidza vhangeri rangu pakati pemachechi evakaipa; nokudaro ndinovapa murairo, saizvozvi: “Musazoparadza nguva yenyu, kana kuti mugofusira^bchipo chenyu kuti chirege kuzivikanwa.

14 Uye mushure mekunge mauya kunyika yeZioni, uye maparidza shoko rangu mukurumidze kudzoka muchisha-

mbadza izwi rangu pakati pemagungano evakaipa, kwete mukukurumidza, kana “mukushatirwa kana mukupokana.

15 Uye mugumhe “guruva retsoka dzenyu pamusoro peavo vasingakugashirei, kwete vachiona, potse mungazovadenha, asi muruvande; uye mugeze tsoka dzenyu, seuchapupu hunovarwisa muzuva rekutongwa.

16 Tarisai, izvi zvakakwana kwamuri, uye nechido cheivo vakakutumai.

17 Uye nemuromo wemuranda wangu Joseph Smith, Mwana, zvichaitwa kuti zvizivikanwe zvirimaererano naSidney Rigdon naOliver Cowdery. Zvasara zvichazouya mushure. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 61

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pamahombekombe Rwizi rwunonzi Missouri, Mugonyorwa weMcIlwaine's, 12 Nyamavhuvu 1831 (History of the Church, 1:202–205). Parwendo rwavo rwekudzokera kuKirtland, Muporofita nemagosa gumi vakanga vafamba vachidzika neRwizi rweMissouri nemagwa. Muzuva rechitatu rerwendo, njodzi zhinji dzakaonekwa. Gosa William W. Phelps, muchiratidzo chezvava rakacheka nyika, akaona muparadzi achifamba musimba pamusoro pechiso chemvura.

1–12, *Ishe vakadzika kuparadzwa kwakawanda pamvura; 13–22, Mvura dzakatukwa naJohane, uye muparadzi anofamba pameso padzo; 23–29, Vamwe vanesimba rekuraira mvura; 30–35, Magosa anofanira kufamba ari vaviri vaviri*

uye vachiparidza vhangeri; 36–39, Vanofanira kugadzirira kuuya kweMwanakomana weMunhu.

TARISAI, uye muteerere kuti izwi reuyo ane “simba rose, anobva kusingaperi kusvika

10a NKM Partridge,
Edward.

13a D&Z 42:42.
NKM Anenungo.
b Mat. 25:24–30;

D&Z 82:18.

14a Zir. 14:29.

15a Mat. 10:14;
Ruka 9:5;
Mabasa 13:51;

D&Z 24:15;

75:20; 84:92.

61 1a NKM Simba.

kusingaperi, kunyangwe ^bArfa naOmega, kutanga nekuguma.

2 Tarisai, zvirokwazvo vanodaro Ishe kwamuri, imi magosa echechi yangu, maungana pane ino nzvimbo, imi mune zvitadzo zvamaregererwa zvino, nokuti ini Ishe, “ndinoregerera zvitadzo, uye ndinonzwira ^btsitsi avo ‘vanoreurura zvitadzo zvavo nemwoyo yakapfava;

3 Asi zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hazvifanirwe kuti mhomho yose ino yemagosa angu vave vachifamba nekukurumidza pamusoro pemvura, ivo vagari vari kumhiri nekumhiri varikufa vari mukusatenda.

4 Zvisinei, ndazvibvumira kuti mugozopupura; tarisai, mune njodzi dzakawanda mumvura, kunyanya mushure mazvino;

5 Nokuti ini Ishe, ndaita chisungo mukushatirwa kwangu kuchave nekuparadzwa kwakawanda pamusoro pemvura; hongu, uye kunyanya pamusoro pemvura idzodzi.

6 Zvisinei, yose nyama iri mumaoko angu, uye uyo anotendeka pakati penyuu haazofa nemvura.

7 Nokudaro, zvakafanira kuti muranda wangu Sidney Gilbert uye nemuranda wangu “William W. Phelps vave vanokurumidza munezvavatumwa nehushumiri hwavo.

8 Zvisinei, handaibvumira

kuti muparadzane kudakara “marangwa pamusoro pezvitadzo zvenyu zvose, kuti muve vamwechete, kuti musapararire ^bmukuipa;

9 Asi zvino, zvirokwazvo ndinoti, ndinoona zvakafanira kuti muchibva. Nokudaro regai varanda vangu Sidney Gilbert naWilliam W. Phelps vatore vakanga vachivaperekedza, uye vatore rwendo rwavo nokukurumidza kuti vazadzise hushumiri hwavo, uye kuburikidza nerutendo vachakurira;

10 Uye kana vari vakatendeka vachachengetedzwa, uye ini Ishe, ndinenge ndiinavo.

11 Uye regai vanosara vatore izvo zवानoda zvezvipfeko.

12 Regai muranda wangu Sidney Gilbert atore icho chaa-singade, sekubvumirana kwamuchaita naye.

13 Uye zvino tarisai, kuitira “kupunduka kwenyu imi ndakakupai ^bmurairo pamusoro pezvinhu izvi; uye ini Ishe, ndichataurirana nemi sevanhu vemazuva ekare.

14 Tarisai, ini Ishe, pakutanga ndakaropafadza “mvura; asi mumazuva ekupedzisira, nemuromo wemuranda wangu Johane, ^bndakatuka mvura.

15 Nokudaro, mazuva achauya ekuti hakuna nyama inenge isiri munjodzi pamusoro pemvura.

16 Uye zvichanzi mumazuva achauya hakuna anogona kue-

1b NKM Arfa naOmega.

2a Mosaya 4:10-11.

NKM Regerera.

b NKM Anetsitsi.

c NKM Reurura,

Reururo.

7a NKM Phelps,
William W.

8a NKM Kuranga.

b NKM Akaipa.

13a D&Z 21:6.

b NKM Mirairo
yaMwari.

14a Gen. 1:20.

b Zvaka. 8:8-11.

nda kunyika yeZioni nepamusoro pemvura, asi uyo akatwasuka mumwoyo.

17 Uye, sezvo ini Ishe, pakutanga “ndakatuka nyika, kunyangwe saizvozvo mumazuva ekupedzisira ndakairopafadza, munguva yayo, kuti ishandiswe nevatendi vangu, kuti vagodya upfumi hurimo.

18 Uye zvino ndinokupai murairo kuti chandinotaura kune mumwechete ndinotaura kune vose, kuti muchafanoyambira hama dzenyu pamusoro pemvura idzi, kuti vasauye vachifamba madziri, potse rutendo rwavo rwungakundwe uye ivo vakabatwa mumiteyo;

19 Ini Ishe, ndakaita chisungo, uye muparadzi anotasva pamusoro pechiso chadzo, uye ini handibvise chisungo ichi.

20 Ini Ishe, ndakanga ndakakushatirirwai nezuro, asi nhasi kushatirwa kwangu kwabviswa.

21 Nokudaro, regai avo vandataura nezvavo, avo vanofanira kutora rwendo rwavo nokukurumidza — zvakare ndinoti kwamuri, regai vaende nzendo dzavo mukukurumidza.

22 Uye hazvinei kwandiri, kana nepashoma, kana vari vanoza dzisa hushumiri hwavo, kuti vanoenda nemvura here kana nepasi; regai izvi zviitwe sekuziviswa kwazvinoitwa kwavari maererano nemaone-ro avo mushure mazvino.

23 Uye zvino, pamusoro pevaranda vangu, Sidney Rigdon, Joseph Smith, Mwana, na-

Oliver Cowdery, ngavarege kuuya zvakare nepamusoro pemvura, kunze kwekunge itori nzira yemvura, varimurwendo kuenda kumisha yavo; kana nemamwe mazwi havauye nepamusoro pemvura murwendo, kunze kwemigero yemvura yekufamba nayo.

24 Tarisai, ini Ishe, ndadoma nzira yenzendo dzevatendi vangu; uye tarisai, iyi ndiyo nzira yacho kuti pavanosiya nzira yemvura, vachafamba nepasi, sekurairwa kwavanenge vakaitwa kuti vafambe uye kuti vachire kuenda kunyika yeZioni;

25 Uye vachaita sevana va-Israeli, “vachidzika tende dzavo munzira.

26 Uye tarisai, uyu murairo muchaupa kuhama dzenyu dzose.

27 Zvisinei, kune uyo akapihwa “simba rekutonga mvura, kuna iyeyo zvakapihwa kuburikidza neMweya kuti azive nzira dzake dzose;

28 Nokudaro, ngaaite sekurairwa kwaanenge achiitwa neMweya waMwari mupenyu, pangave pasi kana pamusoro pemvura, sezvo zvichasarira kwandiri kuzviita mushure mezvino.

29 Uye kwauri kwakapihwa gwara revatendi, kana nzira yekuti vatendi vemuchikwata chaIshe, vafambe nayo.

30 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, varanda vangu Sidney Rigdon, Joseph Smith Mwana, naOliver Cowdery, ha-

vazoshama miromo yavo mu-
magungano evakaipa kudakara
vasvika kuCincinnati;

31 Uye munzvimbo iyoyo va-
chasingudza mazwi avo kuna
Mwari pamusoro pevanhu iva-
vo, hongu, kuna ivo vanehasha
dzakatungidzwa pamusana pe-
kuipa kwavo, vanhu vave pe-
dyo “nekuibvira kuparadzwa.

32 Uye kubva ikoko ngavafa-
mbire magungano ehama dza-
vo, nokuti kushanda kwavo
kunyungwe iyezvino kuri kudi-
wa zvakananyanya mukati mavo
pane kumagungano evakaipa.

33 Uye zvino, nezvevasara,
regai vafambe uye “vanotaura
izwi mukati memagungano eva-
kaipa, sekupihwa kwarakaitwa.

34 Uye sekuita kwavanoita izvi
“vachachenesa nhumbi dzavo,
uye vachave vasina kana kava-
ra pamberi pangu.

35 Uye ngavafambe vari pa-
mwechete, kana “vaviri vaviri,
sezvavanoona zvakanakira,
chete regai muranda wangu
Reynolds Cahoon, uye nemu-

randa wangu Samuel H. Smith,
uyo anonofadza zvikuru, va-
sapatsanutswe kudakara vadzo-
kera kumisha yavo, uye izvi
zviri zvine chinangwa chaka-
ngwara mandiri.

36 Uye zvino, zvirokwasvo
ndinoti kwamuri, zvandinota-
ura kune mumwechete ndino-
zvitaura kune vose, farai, vana
“vadiki; nokuti ndiri ^bpakati
penyu, uye handina ^ckukusiyai.

37 Uye sezvo muchizvininipi-
sa pamberi pangu, maropafadzo
“eumambo ndeenyu.

38 Sungirai nguwo dzenyu
muchiuno uye muve “maka-
ngwarira uye muve makatsiga,
muchitarisira kuuya kweMwa-
nakomana weMunhu, nokuti
anouya munguva yamusinga-
fungire.

39 “Namatai nguva dzose kuti
musapinde ^bmukuyedzwa, kuti
mugone kurarama zuva rekuu-
ya kwake, muupenyu kana
murufu. Kunyangwe saizvozvo.
Ameni.

CHIKAMU 62

*Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, kuma-
hombekombe eRwizi rweMissouri paChariton, Missouri, musu wa13
Nyamavhuvhu 1831 (History of the Church, 1:205–206). Pazuva iri
Muporofita nechikwata chake, vakanga vari munzira kubva kuIndepe-
ndence vachienda kuKirtland, vakasangana nemagosa mazhinji vakanga
vari munzira kuenda kunyika yeZioni, uye mushure mekukwazisana
norufaro, akagashira zvakanakira izvi.*

31a Aruma 37:31;

Hir. 13:14;

D&Z 101:11.

33a NKM Paridza; Pupura.

34a 2 Ni. 9:44; Jak. 2:2;

Mosaya 2:28.

35a NKM Basa

reKushumira.

36a Joh. 13:33.

^b Mat. 18:20.

^c Isa. 41:15–17;

1 Ni. 21:14–15.

37a D&Z 50:35.

38a NKM Murindiri.

39a NKM Munamoto.

^b NKM Chiedzo.

1-3, *Uchapupu hunonyorwa kudenga*; 4-9, *Magosa achafamba uye achiparidza maererano nemaonere avanenge vaita nekutungamirwa kwavanenge vaitwa neMweya.*

TARISAI uye teererai, imi magosa echechi yangu, vanodaro Ishe Mwari venyu kunyangwe Jesu Kristu “murevereri wenyu, uyo anoziva kusasimba kwevanhu uye nekuti ^bvanoyamurwa sei avo ^cvanoyedzwa.

2 Uye zvirokwazvo maziso angu ari pane avo vasati vakwira nazvino kunyika yeZioni; nokudaro basa renyu harisati rakwana;

3 Zvisinei, makaropafadzwa, nokuti “uchapupu hwamapa ^bhwanyorwa kudenga kuti ngirozi dzigohutarisa; uye dzinofara pamusoro penyu, uye ^czvitadzo zvenyu mazviregererwa.

4 Uye zvino endererai mberi nerwendo rwenyu. Unganayi panyika “yeZioni; uye mopinda chechi uye mofara pamwechete, uye mopa sakaramende kuna Ivo Vepamusoro-soro.

5 Uye munogona kudzoka kuzopa uchapupu, hongu, ku-

nyangwe muri pamwechete kana vaviri vaviri sezvamunoo-na zvakanaka, hazvina mhosva kwandiri; chete ivai makatendeka. Uye “mutaure mazwi akanaka kuvagari vemunyika, uye kana mumagungano evakaipa.

6 Tarisai, ini Ishe, ndakuunzai pamwechete kuti chivimbiso chizadzikiswe, kuti avo vakatendeka pakati penyu vanofanira kuchengetedzwa uye vagozofara pamwechete munyika yeMissouri. Ini Ishe, ndinovimbisa vakatendeka uye handikwanise “kunyepa.

7 Ini Ishe, ndinoda kana mume pakati penyu achida kutasva pamusoro pemabhiza, kana pamusoro pemaanyurusi, kana mungorovhani, achagashira maropafadzo aya, kana akazvigashira kubva muruoko rwaIshe, nemwoyo “wekute-nda muzvinhu zvose.

8 Izvi zvinhu zviri kwamuri kuzviita maererano nekutonga uye nekutungamira kweMweya.

9 Tarisai, “umambo ndehwenyu. Uye tarisai, uye muone, ndine ^bvakatendeka nguva dzose. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 63

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, mukupera kwaNyamavhuwohu 1831, (History of the Church, 1:206-211). Muporofita, Sidney Rigdon, naOliver Cowdery

62 1a D&Z 45:3-4.
NKM Mumiririri.
b VaH. 2:18;
Aruma 7:12.
c NKM Chiedzo.
3a Ruka 12:8-9.

NKM Uchapupu.
b NKM Bhuku
reUpenyu.
c D&Z 84:61.
4a D&Z 57:1-2.
5a NKM Basa

reKushumira.
6a Eta 3:12.
7a NKM Kupakutendo.
9a D&Z 61:37.
b Mat. 28:20.

vakanga vasvika muKirtland musu wa27 Nyamavhuvhu vachibva kunoshanya kwavo kuMissouri. Achisuma chinyorwa chake chechakazarurwa chino, Muporofita akanyora kuti, "Mumazuva ano ekuvambwa kwe-Chechi, kwaive nekuda kukuru kwekuwana izwi raIshe panyaya yose zvayo iri pamusoro neruponeso rvedu; uye zvino sezvo nyika yeZioni yakange zvino iyo yave chinhu chakakoshesesa chezvinhu zvaioneka panyika, ndakavunza Ishe kuti ndiudzwe zimwe pamusoro pekuungana kweVatendi, uye nekutengwa kwenzvimbo nedzimwewo nyaya" (History of the Church, 1:207).

1-6, Zuva rehasha richauya pane vakaipa; 7-12, Zviratidzo zvinouya nerutendo; 13-19, Mhombwe mumwoyo dzicharamba chitendero uye dzigokandwa munyanza yemoto; 20, Vakatendeka vachagashira nhaka panyika yashandurwa; 21, Nhoroozvo izere yezvakaitika paGomo Rekushandurwa haisati yaburitswa pachena; 22-23, Vanoteerera vanogashira zvakananzika zveumambo; 24-31, Nhaka muZioni dzinofanirwa kutengwa; 32-35, Ishe vanodaidzira hondo, uye vakai-pa vanouraya vakaipa; 36-48, Vatendi vanofanira kuungana kuZioni uye vagopa mari yekuiivaka; 49-54, Maropafadzo anovimbiswa vakatendeka paKuuya kweChipiri, muKumuka Kuvakafa, uye nemunguva yeMereniamu; 55-58, Iri izuva rekuyambirwa; 59-66, Zita raIshe rinoitwa risina maturo neavo vanorishandisa vasina mvumo.

TEEERERAI, imi vanhu, uye muzarure mwoyo yenyu uye mupe nzeve dzenyu imi muri kure, uye muteerere, imi munozvidaidza kuti vanhu vaIshe, uye munzwe izwi ra-

Ishe uye nechido chavo pamusoro penyu.

2 Hongu, zvirokwazvo, ndinoti, inzwai shoko reavo vane kushatirwa kwakatungidzirwa vakaipa nevane ^ahupanduki;

3 Avo vanoda kutora kunyangwe ivo avo vavanoda ^akutora, uye nokuchengetedza muupenyu avo vavanoda kuchengetedza;

4 Avo vanovaka nekudakwavo nekufadzwa kwavo; uye vachiparadza kana voda, uye vanogona kukanda mweya pasi mugehena.

5 Tarisai, ini Ishe, ndinotaura nezwi rangu uye richateererwa.

6 Nokudaro, zvirokwazvo ndinoti, regai vakaipa vachenjere, uye regai vane hupanduki vatye pamwe nokudedera; uye regai avo vasingatende vabate miro-mo yavo, nokuti ^azuva rehasha richauya pavari ^bsechamupupuri, uye yose nyama ^cichaziva kuti ndini Mwari.

7 Uye uyo anotsvaka ^azviratidzo achaona zviratidzo, asi kwete mukuponeswa.

8 Zvirokwazvo, ndinoti kwa-

63 2a NKM Hupanduki.

3a NKM Rufu, rwenyama.

6a NKM Yenzaniso;

Kuuya Kwechipiri

kwaJesu Kristu.

b Jer. 30:23.

c Isa. 49:26.

7a D&Z 46:9.

NKM Chiratidzo.

muri, kune avo pakati penyu vanotsvaka zviratidzo, uye vakagara varipo vakadaro kunyangwe kubvira pakutanga.

9 Asi tarisai, rutendo harwuuye nezviratidzo, asi zviratidzo zvinotevera avo vanotenda.

10 Hongu, zviratidzo zvinouya “nerutendo, kwete nekuda kwevanhu, kana sezvavanoda ivo, asi nekuda kwaMwari.

11 Hongu, zviratidzo zvinouya nerutendo, kuunza mabasa makuru, nokuti kana pasina “rutendo hapana munhu anofadza Mwari; uye kune uyo akashatirirwa naMwari havanyatsofara naye; nokudaro kune vakadaro havaratidze zviratidzo, kunze chete ^bkwehasha dzinovasvitsa ‘mukutongwa kwavo.

12 Nokudaro, ini Ishe, handifadzwe neavo vari pakati penyu vanotsvaka zviratidzo uye nezvishamiso kuti vave nerutendo, kwete kuitira kubatsira vanhu zvichiunza kubwinya kwangu.

13 Zvisinei, ndinopa mirairo, uye vazhinji vakafukatira mirairo yangu uye havana kuchengeta.

14 Paive “nemhombwe dzechirume nedzechikadzi pakati penyu; vamwe vacho vakazotendeuka kubva pamuri, vamwe

vakasara nemi avo vacharatidzwa pashure.

15 Regai ivavo vachenjere uye vatendeuke nokukurumidza potse kutongwa kungauye pavari semuteyo, uye hupenzi hwavo huchaitwa kuti huzivikanwe, uye mabasa avo achavatevera mumaziso evanhu.

16 Uye zvirokwasvo ndinoti kwamuri, sekutaura kwandakamboita, uyo “anotarisa mukadzi achiva ^bneruchiva kwari, kana vanaani zvavo vakaita ‘upombwe mumwoyo mavo, havazove neMweya, uye vacharamba chitendero uye vachatya.

17 Nokudaro, ini Ishe, ndakati avo vazere ^anekutya, uye vasingatende uye ^bnevanonyepavose, uye ani zvake anoda nhe-ma ‘nekureva nhema, uye nemhombwe, uye nemuroyi, vachave nenzvimbo yavo ^amudziva riye rinobvira nemoto nesuriferi, uye kuri iko kufa ‘kwechipiri.

18 Zvirokwasvo ndinoti, ivavo havazova mukumuka kuvakafa ^akwekutanga.

19 Uye zvino tarisai, ini Ishe, ndinoti kwamuri imi hamusi ^amuchokwadi, nokuti zvinhu izvi zviri mukati menyu.

20 Zvisinei uyo ^aanoshingirira murutendo uye achiita kuda kwangu iyeyo achakurira, uye

10a Moro. 7:37.
NKM Rutendo.

11a VaH. 11:6.
^b D&Z 35:11.
^c D&Z 88:65.

14a D&Z 42:24-25.

16a Mat. 5:27-28;
D&Z 42:23-26.
^b NKM Ruchiva.

^c NKM Hupombwe.
17a Zvaka. 21:8.

^b NKM Kunyepa.
^c Zvaka. 22:15;
D&Z 76:103.

^d Zvaka. 19:20;
2 Ni. 9:8-19, 26; 28:23;
Jak. 6:10;
Aruma 12:16-18;

D&Z 76:36.
NKM Gehena.

^e NKM Rufu,
rweMweya.

18a Zvaka. 20:6.
19a NKM Natsa.
20a D&Z 101:35.

achagashira ^bnhaka panyika kana zuva rekushandurwa rauya;

21 Kana “nyika ^byashandurwa, kunyangwe maererano netsika iyo yakaratidzwa kuvaapositori vangu pamusoro ‘pegomo; iri nyaya huzere hwayo hamusati mahugashira.

22 Uye, zvino zvirokwasvo ndinoti kwamuri, sezvandakataura, kuti ndichaita kuti muzive kuda kwangu kwamuri, tarisai ndichaita kuti kuzivikawewe kwamuri, kwete semurairo, nokuti kune vazhinji vasingacherechedze kuchengeta mirairo yangu.

23 Asi kune uyo anochengetedza mirairo yangu ndichamupa “zvakananzika zveumambo hwangu, uye muna iyeyo muchave netsime remvura ine ^bupenyu, ‘inoenda kuupenyu hwusingaperi.

24 Uye zvino, tarisai, ichi ndichocho chaIshe Mwari venyu pamusoro pevatendi vake kuti vaungane pamwechete munyika yeZioni, kwete nokukurumidza, potse kungazove neku dzengaira, zviru zvinounza urwere.

25 Tarisai, nyika “yeZioni—ini Ishe, ndakaibata mumaoko angu;

26 Zvisinei, ini Ishe ndinopa kuna “Kesari zvinhu zvaKesari.

27 Naizvozvo, ini Ishe, ndinoda kuti imi mutenge nzvimbo kuti mugova munechinhano pamusoro penyika kuti mugove nekodzero yechamuinacho panyika kuti vasazokonzerwa kuita hashu.

28 Nokuti “Satani anozviisa mumwoyo mavo kuti vakushatirirwei, uye zvigosvika mukudeurwa kweropa.

29 Nokudarwo, nyika yeZioni haizi inozowanikwa neimwe nzira asi kunze kwekutengwa kana neropa, tadzezvo hakuna nhaka yenyu.

30 Uye kana iri yekutengwa, tarisai makaropafadzwa.

31 Kana zviru zveropa, sezvo muchirambidzwa kudeura ropa, tarisai, vavengi venyu vakuvingai, uye mucharohwa guta neguta, uye nesinagogo nesinagogo, uye vashoma vachasvika pakugashira nhaka.

32 Ini Ishe, ndakashatirirwa vakaipa; handisikupa Mweya wangu kuvagari vepasi.

33 Ndapika muhasha dzangu, ndikasheedzera “hondo pamusoro penyika, uye vakaipa vachauraya vakaipa, uye kutya kuchave pamunhu wose;

34 “Nevatendiwo vangatodadza kupunyuka; zvisinei, ini Ishe, ndinavo, uye ^bndichaburuka mudenga pamberu paBaba vangu uye ndigope-

20b Mat. 5:5;
D&Z 59:2; 88:25–26.
21a NKM Pasi—Mamiriro ekupedzisira epasi pano.
b NKM Nyika—
Kuguma kwenyika.
c Mat. 17:1–3.

23a Aruma 12:9–11;
D&Z 42:61; 84:19;
107:18–19.
b NKM Mvura
yeUpenyu.
c Joh. 4:14.
25a NKM Zioni.
26a Ruka 20:25;

D&Z 58:21–23.
NKM Hurumende.
28a NKM Dhiabhorosi.
33a NKM Hondo.
34a NKM Mutendi.
b NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu Kristu.

dza ‘vakaipa “nemoto usingadzimike.

35 Uye tarisai, izvi hazvisati zvasvika, asi gare gare.

36 Nokudaro sezvo ini, Ishe ndasheedzera zvose zvinhu izvi pamusoro penyika, ndinoda kuti vatendi vangu vave vanoungana panyika yeZioni;

37 Uye kuti wose munhu atore “kururama mumaoko ake uye ave nokutendeka pachiuno chake, uyewo agosimudza ^bizwi rekuyambira kuvagari vepasi; uye agotaura zvose izwi pamwechete nekutiza kuti ‘kuparadzwa kuchauya kune vakaipa.

38 Nokudaro, regai vadzidzi vangu vari paKirtland varonge zvinovanetsa mukugara kwavo, avo vagere mupurazi rino.

39 Regai muranda wangu Titus Billings, uyo ane basa rekuichengeta, ape nyika, kuti agove akagadzirira munguva yepfuvudza inouya kutora rwendo rwake kuti akwidze kunyika yeZioni, neavo vagere pamusoro payo, kunze kweavo vandi-chazvichengetera, kuti havazovenda kusvikira ndavaraira.

40 Uye regai mari dzose dzinogona kuchengetwa, hazvina mhosva kwandiri kuti ishoma kana kuti yakawanda, itumirwe kunyika yeZioni, kune avo vandakadoma kuti vaigashire.

41 Tarisai, ini Ishe, ndichapa

kumuranda wangu Joseph Smith, Mwana, simba rekuti achagona “kuona neMweya avo vachakwidza kunyika yeZioni, uye neavo vevadzidzi vangu vachasara.

42 Regai muranda wangu Newel K. Whitney arambe aine chitoro chake, kana kuti nema-mwe mazwi, chitoro, kwe-mwaka mupfupi.

43 Zvisinei regai ape yose mari yaangakwanise kupa, kuti itumirwe kunyika yeZioni.

44 Tarisai, zvinhu izvi zviri mumaoko ake, regai aite maererano neungwaru.

45 Zvirokwazvo ndinoti, regai agadzwe semumiririri wevadzidzi avo vachasara, uye regai agadzwe kusimba iri;

46 Uye zvino chikurumidzai kushanyira machechi, muchitsanangura zvinhu izvi kwavari nemuranda wangu Oliver Cowdery. Tarisai, ichi ndicho-chido changu, kuwana mari kunyangwe sekuraira kwandakaita.

47 Uyo “akatendeka uye achishingirira achakunda nyika.

48 Uyo anotumira upfumi kunyika yeZioni achagashira “nhaka munyika ino, uye mabasa ake achamutevera, uyewo nemubairo munyika ichauya.

49 Hongu, vakaropafadzwa “vakafa avo vanofa vari muna Ishe, kubvira zvino, apo pacha-

34c Mat. 3:12; 2 Ni. 26:6;

D&Z 45:57; 64:24;
101:23-25, 66.

NKM Akaipa.

d NKM Moto.

37a NKM Akarurama.

b D&Z 1:4.

c Isa. 47:11.

41a NKM Kuziva

kuburikioza

neMweya, Chipu che.

47a Mosaya 2:41;

D&Z 6:13.

48a D&Z 101:18.

49a Zvaka. 14:13;

D&Z 42:44-47.

uya Ishe, zvinhu zvakare ^bzvichapfura, uye zvinhu zvose zvichive zvitsva, ^cvachamuka kubva kuvakafa ^dhavazofa zvakare, uye vachagashira nhaka pamberi paIshe, muguta dzvene.

50 Uye uyo anenge ari mupeyny panouya Ishe, uye ari akachengeta rutendo, ^aakaro-pafadzwa iyeyo, zvisinei, zvakadomwa kwaari kuti ^bafe nezera remunhu rakafanira.

51 Nokudaro, vana ^avachakura kudakara vakwegura; vanhu vakwegura vachafa; asi havazorara muguruva, asi ^bvachashandurwa mukubwaira kweziso.

52 Nokudaro, nechikonzero ichi vakaparidza vapositori kunyika nezvekumuka kwevakafa.

53 Zvinhu izvi ndizvo zvinhu zvamunofanira kutsvaga; uye mukutaura netsika yalshe, iye zvino zvave ^apedyo, uye nemunguva inotevera, kunyangwe nemuzuva rekuuya kweMwanakomana weMunhu.

54 Uye kudakara nguva iyoyo kuchave ^anemhandara dzakazungaira mukati medzakachenjera; uye panguva iyoyo panouya kupatsanurwa zvachose kwevakarurama nevakaipa; uye muzuva iroro ndichatumira ngirozi dzangu ^bdzichabvisa

vakaipa uye dzovakanda mumoto usingadzimike.

55 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ini Ishe, handifadzwe nemuranda wangu ^aSidney Rigdon; ^bakazvikudza mumwoyo make, uye akasagashira kurairwa, asi akasuwisa Mweya;

56 Nokudaro ^azvaakanyora hazvina kubvumwa nalshe, uye achaita zvakare; uye kana Ishe vakasazvigashira, tarisai haachazove anomira muchinzvimbo chandakamudomera.

57 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ^aavo vanoda mumwoyo yavo, nokunyorova, ^bkuyambira vatadzi kuti vatendeuke, ngavagadzwe musimba iri.

58 Nokuti rino izuva rekuyambira, uye kwete zuva remazwi akawanda. Nokuti ini Ishe, handizi wekusekwa mumazuva ekupedzisira.

59 Tarisai, ndiri wekumusoro, uye simba rangu riri pasi. Ndiri pamusoro pezvose, uye nemuzvinhu zvose, uye kuburikidza nemune zvose, uye ^andinoongorora zvose zvinhu, uye zuva riri kuuya, iro zvinhu zvose zvichave pasi pangu.

60 Tarisai, ndini ^aArfa na-Omega, kunyangwe Jesu Kristu.

49b II VaKori. 5:17.

c NKM Kumuka Kuvakafa.

d Zvaka. 21:4; Aruma 11:45; D&Z 88:116.

NKM Asingafe.

50a NKM Kuropafadzwa.

b NKM Rufu, rwenyama.

51a Isa. 65:20–22;

D&Z 45:58; 101:29–31.

NKM Mereniamu.

b I VaKori. 15:51–52;

D&Z 43:32.

53a D&Z 35:15.

54a Mat. 25:1–13;

D&Z 45:56–59.

b Mosaya 16:2.

55a NKM Rigdon, Sidney.

b NKM Kudada.

56a D&Z 58:50.

57a D&Z 4:3–6.

b D&Z 18:14–15.

NKM Basa

reKushumira;

Yambira, Yambiro.

59a I VaKori. 2:10.

60a NKM Arfa naOmega.

61 Nokudaro, regai vose vanhu vachenjere kutora kwavanoita ^azita rangu mumiro mo yavo —

62 Nokuti tarisai, zvirokwazvo ndinoti, vazhinji variko vari pasi pekutongwa uku, vanoshandisa zita raIshe, vachirishandisa pasina, vasina mvumo.

63 Nokudaro, regai chechi ngaitendeuke muzvitadzo zvayo, uye ini Ishe, ndichavaita vangu, nokuti pasina izvozvo vanodimburwa vachibviswa.

64 Rangarirai kuti icho chinobva kumusoro ^achinoyera, uye chinofanira ^bkutaurwa nehuchenjeri, uye nokutunhwa neMwe-

ya, uye mune izvi hamuna kutongwa, uye munogashira Mweya ^ckuburikidza nomunamato; nokudaro, pasina izvi panoramba paine kutongwa.

65 Regai varanda vangu, Joseph Smith, Mwana, naSidney Rigdon, vazvitsvagire musha, sezvavanodzidziswa kuburikidza ^anekunamata neMweya.

66 Zvinhu izvi zvinogarira kukundwa kuburikidza nemwoyo murefu, kuti ivavo vave vanogashira ^ahuremu hwakawedzerwa, uye hwokusingaperi ^bhwekubwinya, tadzezvo voga-shira kutongwa kukuru. Amen.

CHIKAMU 64

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kumagosa eChechi, paKirtland, Ohio, 11 Gunyana 1831 (History of the Church, 1:211–214). Muporofita akanga achigadzirira kutamira kuHiram, Ohio, kuti anotangisazve basa rake mukududzira Bhaibheri, iro rakanga raiswa parutivi paakanga ari muMissouri. Chikwata chehama chakanga charairwa kuti chiende kuZioni (Missouri) chakanga chiri mubishi rekugadzirira kusimuka muna Gumiguru. Panguva yebishi iyi, chakazarurwa ichi chakagashirwa.

1–11, *Vatendi vanorairwa kuti varegererane, potse mungangogara mavari chitadzo chikuru; 12–22, Avo vasingatendeuke vanounzwa pamberi peChechi; 23–25, Uyo anopa chegumi haazopiswa pakuuuya kwaIshe; 26–32, Vatendi vanoyambirwa pamusoro pechikwereti; 33–36, Vapanduki vanodimurwa kubva muZioni; 37–40, Chechi ichatonga marudzi; 41–43, Zioni ichabudirira.*

TARISAI, vanodaro Ishe Mwari venyu, imi magosa echechi yangu, teererai imi munzwe, uye mugashire chido changu pamusoro penyu.

2 Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndinoda kuti ^amukurire nyika; nokudaro ndichaita ^btsitsi pamuri.

3 Kune avo mukati menyu vakatadza, asi zvirokwazvo ndinoti, kamwechete kano chete,

61a NKM Kusvibisa.

64a NKM Mutsvene.

^b NKM Ruremekedzo.

^c D&Z 42:14.

65a NKM Munamato.

66a II VaKori. 4:17.

^b VaR. 8:18;

D&Z 58:4; 136:31.

64 2a I Joh. 5:4.

^b NKM Kunzwa Tsitsi.

kuitira ^akubwinya kwangu, uye neruponeso rwemweya ^bnda-kuregererai zvitadzo zvenyu.

4 Ndichakuitirai tsitsi, nokuti ndapa kwamuri umambo.

5 Uye ^amakiyi ezvakavanzika zveumambo haachatorwa kubva kune muranda wangu Joseph Smith, Mwana, kuburikidza nenzira yandakadoma, kana achiri mupenyu, kana achiteerera ^bzvisungo zvangu.

6 Kune avo vakatsvaga mhosva kwaari pasina chikonzero;

7 Zvisinei, akatadza; asi zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ini Ishe, ^andinoregerera zvitadzo kune avo ^bvanoreurura zvitadzo zvavo pamberi pangu uye vachikumbira ruregerero, vasina kutadza kusvika ^cpakufa.

8 Vadzidzi vangu, mumazuva ekare, vaitsvaga ^akunetsana pachavo pasina chikonzero uye vasingaregererane mumwoyo yavo; uye pamusana pechakai-pa ichi vakatambudzwa uye ^bvakarangwa.

9 Nokudaro ndinoti kwamuri, munofanira ^akuregererana; nokuti uyo ^basingaregerere hama yake kukanganisa kwayo anotongwa pamberi paIshe; nokuti kunosara maari chitadzo chikuru.

10 Ini Ishe ^andinoregerera uyo

wandinoda kuregerera, asi kwamuri kunodiwa kuti ^bmuregere munhu wose.

11 Uye munofanira kuti mumwoyo menyu—regai Mwari ^avatonge pakati pangu newe, uye vagokupa mubairo maererano ^bnezviito zvako.

12 Uye uyo asingatendeuke muzvitadzo zvake, uye asingazvireurure, imi muchamuunza pamberi ^apechechi, uye moita naye sezvinotaurwa nemagwaro matsvene kwamuri, zvingave maererano nemurairo kana nezvakazarurwa.

13 Uye izvi muchazviita kuti Mwari vagorumbidzwa—kweete pamusoro pekuti hamudi kuregerera, semusina tsitsi, asi kuti mugorevererwa mumaziso emutemo, kuti musamugumbure uyo anove ndiye mupi wenyu wemutemo—

14 Zvirokwazvo ndinoti, nechikonzero ichi muchaita zvinhu izvi.

15 Tarisai, ini Ishe, ndakamushatirirwa uyo aive muranda wangu Ezra Booth, uyewo nemuranda wangu Isaac Morley, nokuti havana kuchengeta mutemo, kana murairo;

16 Vakatsvaka kuipa mumwoyo mavo, uye ini Ishe, ndakadzora Mweya wangu.

3a Mos. 1:39.

b Isa. 43:25.

5a D&Z 28:7; 84:19.

NKM Kiyi

dzeHupirisita.

b NKM Zvisungo.

7a NKM Regerera;

Kuregerera;

kweZvitadzo.

b Num. 5:6-7;

D&Z 19:20; 58:43.

NKM Reurura,

Reururo.

c D&Z 76:31-37.

8a NKM Gakava.

b NKM Kuranga.

9a Marko 11:25-26;

D&Z 82:1.

b Mat. 6:14-15;

VaE. 4:32.

10a Eks. 33:19;

Aruma 39:6;

D&Z 56:14.

b Mosaya 26:29-31.

11a I Sam. 24:12.

b II Tim. 4:14.

12a D&Z 42:80-93.

“Vakatonga vachiti chakaipa icho chinhu chakanga chisina kuipa; zvisinei ndakaregerera muranda wangu Isaac Morley.

17 Uye nemuranda wanguwo “Edward Partridge, tarisai, akatadza, uye ^bSatani ari kutsvaka kuparadza mweya wake; asi pachaitwa kuti zvinhu izvi vazvize, uye ivo vakatendeuka kubva mune chakaipa, vacharegererwa.

18 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti zvakafanira kwandiri kuti muranda wangu Sidney Gilbert, mushure memavhiki mashomanani, achadzokera kubasa rake, uye nokuhmiririri hwake munyika yeZioni;

19 Uye izvo zvaakaona uye akanzwa zvingaitwe kuti zvizivikanwe kuvadzidzi vangu, kuti vasaparare. Uye nechikonzero ichi ndakataura zvinhu izvi.

20 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, muranda wangu Isaac Morley “haazoyedzwa kupfuura izvo zvaanokwanisa kutakura, agoraira zvisiri izvo zvinozokukuvadza, ndakarairira kuti purazi rake rinofanira kutengeswa.

21 Handizobvumira kuti muranda wangu Frederick G. Williams atengese purazi rake, nokuti ini Ishe, ndichagara ru-

oko rwangu rwakasimba munyika yeKirtland, kwemakore mashanu, munguva iyoyi handizorasa vakaipa, kuti mukudaro ndingaponesese vamwe.

22 Uye mushure mezuva iro-ro, ini Ishe, hapana wandinototarisa seane “mhosva uyo achaenda nemwoyo wakasununguka kunyika yeZioni, nokuti ini Ishe, ndinoda ^bmwoyo yevana vevanhu.

23 Tarisai, zvino zvichiri kushevedzwa kunzi “nhasi kusvikira ^bpakuuya kweMwanakomana weMunhu, uye zvirokwazvo izuva ‘remupiro, uye nezuva rekubvisiswa ^achegumi kwevanhu vangu; nokuti uyo akabvisa chegumi ‘haazopiswa pakuuya kwake.

24 Nokuti mushure mezuva ranhasi kunouya “kutsva—uku kutaura sekutaura kunoita Ishe—nokuti zvirokwazvo ndinoti mangwana vose avo ^bvanodada uye vanoita zvakaipa vachaita semashanga; uye ini ndichavapisa, nokuti ndiri Ishe veHondo; uye hakuna wandinosiya pane vanenge vari ‘muBabironi.

25 Nokudaro, kana muchite-nda ini muchashanda zuva richiripo.

26 Uye hazvikodzeri kuti vara-

16a 2 Ni. 15:20;
D&Z 121:16.

17a NKM Partridge,
Edward.

^b NKM Dhiabhorosi.

20a NKM Chiedzo.

22a NKM Mhosva,
Kuva ne.

^b Eks. 35:5;
D&Z 59:15; 64:34.

23a D&Z 45:6; 64:24-25.

^b NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

^c NKM Kupira.

^d Mara. 3:10-11.

NKM Chegumi.

^e Mara. 4:1; 3 Ni. 25:1;
Nh—JS 1:37.

24a Isa. 66:15-16.

NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano;
Nyika—Kuguma
kwenyika.

^b Mara. 3:15;

2 Ni. 12:12; 23:11.

NKM Kudada.

^c D&Z 1:16.

NKM Baberi, Babironi.

nda vangu, "Newel K. Whitney na Sidney Gilbert, vatengese ^bchitoro chavo uye nezvinhu zvanazvo pano, nokuti izvi hausi ungaru kudakara vakasara vechechi, avo vasara munzvimbo ino, vachakwira kuenda kunyika yeZioni.

27 Tarisai, zvinonzi mumitemo yangu, kana kurambidzwa, kupinda "muchikwereti nevavengi venyu;

28 Asi tarisai, hapana pazvinombotaurwa kuti Ishe havafanire kutora pavanoda, uye nokubhadhara sezvavanoona zvakanaka.

29 Nokudaro, sezvo muri vamiririri, muri pabasa raIshe; uye chose chamuchaita maererano nechido chaIshe ibasa raIshe.

30 Uye vakutumai imi kuti muzoyamura vatendi vavo mumazuva ekupedzisira ano, kuti vagwana "nhaka munyika yeZioni.

31 Uye tarisai, ini Ishe, ndinotaura kwamuri, uye "mazwi angu ndeekhwadi uye ^bhaazokundikana, kuti vachazoiwana.

32 Asi zvose zvinhu zvakafanira kuitika nenguva yazvo.

33 Nokudaro, "musanete mukuita zvakanaka, nokuti muri

kuhwarika hwaro hwebasa guru. Uye muzvinhu ^bzvidiki ndimo munobva izvo zvikuru.

34 Tarisai, Ishe "vanoda ^bmwoyo uye nepfungwa inoda, uye avo vanoda uye ^cvachiteerera vachadya zvakanana zvenyika yeZioni mumazuva ano ekupedzisira.

35 Uye "vapanduki ^bvacharawsa kubva munyika yeZioni, uye vachitandaniswa, uye havazogara nhaka yenyika.

36 Nokuti, zvirokwasvo ndinoti vapanduki havasi veropa "raEfraimi, nokudaro vachadzurwa.

37 Tarisai, ini Ishe, ndaita chechi yangu mumazuva ano ekupedzisira semutongi agere pachikomo kana panzvimbo yakakwirira, kuitira kutonga marudzi.

38 Nokuti zvichaitika kuti vafari vemuZioni "vachatonga zvose zvinhu zviriri maererano neZioni.

39 Uye varevi venhema nevanyengedzi vachafumurwa navo, uye avo vasiri "vaapositori nevaporofita vachazivikanwa.

40 Uye kana "bhishopi, ari iye ^bmutongi, uye nemakurukota ake, kana vasingatendeke ^cmutariri hwavo vachatongwa

26a NKM Whitney,
Newel K.
b D&Z 57:8.

27a NKM Mungava.

30a D&Z 63:48.

31a Marko 13:31;

2 Ni. 31:15;

D&Z 1:37-38.

b D&Z 76:3.

33a VaG. 6:9.

b D&Z 123:16.

34a Mika 6:8.

b Deut. 32:46;

Josh. 22:5;

Morm. 9:27.

NKM Mwoyo.

c Isa. 1:19.

NKM Anoteerera.

35a NKM Hupanduki.

b D&Z 41:5;

50:8-9; 56:3.

NKM Kubviswa

Hunhengo.

36a Deut. 33:16-17.

38a Isa. 2:3-4;

D&Z 133:21.

39a Zvaka. 2:2.

NKM Muapositori.

40a NKM Bhishopi.

b D&Z 58:17;

107:72-74.

c NKM Mutariri.

uye ^avamwe vachadyarwa panzvimbo dzavo.

41 Nokuti tarisai, ndinoti kwamuri kuti ^aZioni ichabudirira uye ^bkubwinya kwaIshe kuchave pairi.

42 Uye ichave ^amureza kuvanhu, uye kuchauya kwairi

kubva mukati merudzi rwose rwuri pasi pedenga.

43 Uye zuva richauya apo marudzi enyika ^aachadedera pamusana payo, uye vachatya pamusoro pevanotyisa vayo. Ishe vazvitauro. Amen.

CHIKAMU 65

Zvakazarurwa zvakapihwa nekuna Joseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio muna Gumiguru 1831 (History of the Church, 1:218). Muporofita anotara chakazarurwa ichi semunamato.

1–2, *Makiyi eumambo hwaMwari anopihwa kumunhu panyika uye basa revhangeri richabudirira*; 3–6, *Umambo hweMereniamu hwekudenga huchauya nokubatanidzwa neumambo hwaMwari panyika.*

TEEERERAI, uye mutarise, izwi seremumwe atumwa kubva kumusoro. Ane mbiri nesimba, anoenda kumagumo enyika, hongu, uye izwi rake riri kuvanhu — ^aGadzirai imi nzira yaIshe, itai twunzira twayo twutwasanuke.

2 ^aMakiyi ^beumambo hwaMwari akapihwa kuvanhu munyika, uye kubva ipapo vhangeri richakungurutswa kusvika kumagumo enyika, ^csedombo rachekwa kubva pagomo pasina maoko,

richikunguruka richienda kudakara ^drazara pasi pose.

3 Hongu, izwi riri kuchema — Gadzirirai imi nzira yaIshe, gadzirirai imi ^akudya kwemaherhu kweGwayana, gadzirirai ^bChikomba.

4 Namatai kuna Ishe, daidzirai zita ravo dzvene, shambadzai mabasa ake anoshamisa mukati mevanhu.

5 Daidzirai kuna Ishe, kuti umambo hwavo huve hunoenda mberi munyika, kuti vagari varimo vazvigashire, kuti vave vakagadzirira kumazuva ari kuuya, umo munove Mwanakomana weMunhu ^aachauya pasi kubva kudenga, ^bakapfedzwa kupenya ^ckwekubwinya kwake, kuzosangana ^dneuma-

40d D&Z 107:99–100.

41a NKM Zioni.

^b D&Z 45:67; 84:4–5; 97:15–20.

NKM Kubwinya.

42a NKM Mureza.

43a Isa. 60:14;

D&Z 97:19–20.

65 1a Isa. 40:3; Mat. 3:3;

Joh. 1:23.

2a Mat. 16:19;

D&Z 42:69.

NKM Kiyi dzeHupirisita.

^b D&Z 90:1–5.

^c Dan. 2:34–45.

^d Mpi. 72:19.

NKM Danieri—

Bhuku raDanieri;

Mazuva

Ekupedzisira.

3a Mat. 22:1–14;

Zvaka. 19:9;

D&Z 58:11.

^b NKM Chikomba.

5a Mat. 24:30.

^b Mpi. 93:1.

^c NKM Kubwinya.

^d Dan. 2:44.

mbo hwaMwari hwakadzikwa pano pasi.

6 Nōkudaro, “umambo hwaMwari ngahufambire mberi, kuti ^bumambo hwekudenga huuye, kuti imi Mwari mubwi-

nyiswe kudenga kana nepano pasi, kuti vavengi venyu vakundwe; nokuti ^crwenyu rukudzo, simba nokubwinya, kusvika riini nariini. Amenii.

CHIKAMU 66

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paOrange, Ohio, 25 Gumiguru 1831 (History of the Church, 1:219–221). Iri raive zuva rekutanga remusangano mukuru waikosha. Achitaura zvekutanga pamusoro pechakazarurwa chino, Muporofita akanyora achiti, “Sekukumbira kwaWilliam E. McLellin, ndakabvounza kuna Ishe uye ndikagashira zvinotevera” (History of the Church, 1:220).

1–4, *Chibvumirano chisingaperi narinhi ivhangeri rizere; 5–8, Magosa anoparidza, kupupura, uye nokutaura nevanhu; 9–13, Kushanda zvakatendeka mubasa rehushumiri kunopa vimbiso yenhaka yeupenyu hwokusingaperi.*

TARISAI, vanodaro Ishe, kune muranda wangu William E. McLellin — Iwe wakaropafadzwa, kana uri wabva kune zvakaipa zvako, uye ukatambira chokwadi changu, vanodaro Ishe Mununuri vako, Muponesi wenyika, kunyangwe weavo vakawanda “vanotenda muzita rangu.

2 Zvirokwazvo ndinoti kwauri, wakaropafadzwa nokugashira chibvumirano changu “chisingaperi, kunyangwe vhangeri rangu rizere, rakatumirwa kuvana vevanhu, kuti

vave vanowana ^bupenyu uye kuti vagoitwa vamwe vekubwinya uko kucharatidzwa mumazuva ekupedzisira, sekunyorwa kwazvakaitwa nevaporofofiti nevaapostori mumazuva ekare.

3 Zvirokwazvo ndinoti kwauri muranda wangu William, kuti wakachena asi kwete zvizere; tendeuka, nokudaro kuzvinhu izvo zvisingafadze mumaziso angu, vanodaro Ishe, nokuti Ishe “vachazviratidza kwauri.

4 Uye zvino, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ini Ishe ndichakuraratidza zvandinoda maererano newe, kana kuti chido changu maererano newe.

5 Tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwauri, chido changu kuti “ushambadze vhangeri rangu kubva munyika nenyika, uye kubva guta neguta, hongu, mu-

6a NKM Umambo hwaMwari kana Umambo hweKudenga.
b Zvaka. 11:15.

c I Mak. 29:11; Mat. 6:13.
66 1a Joh. 1:12.
NKM Daira.
2a NKM Chibvumirano

Chitsva uye Chisingaperi.
b Joh. 10:10; 3 Ni. 5:13.
3a Jak. 4:7; Eta 12:27.
5a Marko 16:15.

matunhu ayo akatenderedza umo marisati rashambadza.

6 Usagare kwemazuva mazhinji munzvimbo ino; usaende kunyika yeZioni iyezvino; asi nepaunokwanisa kutumira, tumira; kana kuti usambofunga nezvezvinhu zvako.

7 “Enda kunyika dzekumabvazuva, ipa ^buchapupu munzvimbo yega yega, kuvanhu vose uye nemumasinagogo avo uchitaura nevanhu.

8 Rega muranda wangu Samuel H. Smith ayende newe, uye usamusiye, uye umupe mirairo yako; uye uyo akatendekeka “achasimbiswa munzvimbo dzose; uye ini Ishe, ndichaenda nemi.

9 Gadza “maoko ako pane vanorwara, uye ^bvachapona. Usadzoke kudakara ini Ishe, ndakutumira. Ita mwoyo murefu mumatambudziko. “Kumbi-

ra, uye uchagashira; gogodza, uye uchazarurirwa.

10 Usatsvake kuzviremedza. Siya kose kusarurama. Usaite “hupombwe—chiyedzo icho chaunonetsekana nacho.

11 “Chengeta zvirevo izvi, nokuti ndezvechokwadi uye zvakatendeke; uye iwe uchakudziridza chigaro chako, uye uchisundira vanhu vazhinji ^bkuZioni ‘nenziyo dzerufaro rwusingaperi pamisoro yavo.

12 “Ramba uri muzvinhu izvi kunyangwe kusvika kumagumo, uye uchawana ^bkorona yeupenyu hwokusingapere kuruoko rwerwudyi rwaBaba vangu, avo vazere nenyasha nechokwadi.

13 Zvirokwazvo, vanodaro Ishe, “Mwari vako, Mununuri vako, kunyangwe Jesu Kristu. Amen.

CHIKAMU 67

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio, Mbudzi 1831 (History of the Church, 1:224–225). Zuwa racho raive remusanganano mukuru, uye nokushambadza kwezvakazarurwa zvakanga zvatambirwa kare kubva kuna Ishe kuburikidza neMuporofita kwakatariswa kukaitwa (ona misoro yenyaya yechikamu 1). Zvakabvumiranwa kuti Oliver Cowdery naJohn Whitmer vanofanira kutora magwaro ezvakazarurwa vaende natwo kuIndependence, uko W. W. Phelps aizoashambadza seBhuku reMirairo. Vazhinji vehama vakapa uchapupu hwakadzama hunoera vachiti zvakazarurwa zvakanga zvanyorwa kuti zvisambadzwe zvakanga zvirokwazvo zviriv zvechokwadi,

7a D&Z 75:6.

^b NKM Uchapupu.

8a D&Z 52:17; 133:58.

9a NKM Kuropafadza vanowara; Maoko, Kugadzwa kwe.

^b Mat. 9:18.

NKM Kurapa.

c Jkb. 1:5.

10a NKM Hupombwe.

11a D&Z 35:24.

^b D&Z 11:6.

c Isa. 35:10;

D&Z 45:71.

NKM Imba.

12a II Tim. 3:14–15;

2 Ni. 31:20.

^b Isa. 62:3;

Mat. 25:21;

I Pet. 5:4.

13a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—

Mwari

Mwanakomana.

sekupupurwa kwazvanga zvaitwa neMweya Mutsvene wakanga wadiriwa pavari. Muporofita anonyora kuti mushure mekunge zvakazarurwa zvinozivikanwa sechikamu 1 zvagashirwa, pakave nekutaura kusina kunaka kwakanzwikwa pamusoro pemutauro wainge washandiswa mune zvakazarurwa. Chakazarurwa chino chakazotevera.

1-3, *Ishe vanonzwa minamoto yemagosa avo uye nokuvachengeta; 4-9, Vanoti kune vakachenjera kupfuura vose itai tione chimwe chezvakanzarurwa chakafanana nechangu; 10-14, Magosa akatendeka achamutswa neMweya uye agoo-na chiso chaMwari.*

TARISAI, uye muteerere, imi magosa echechi yangu, imi maungana pamwechete, mune minamoto yandanzwa, uye mune mwoyo yandinoziva, uye mune zvido zvauya kumusoro pamberi pangu.

2 Tarisai uye mutarise, magosangu ari pamuri, uye matenga nenyika zviru mumaoko angu, uye upfumi hwekusingaperi ndehwangu kupa.

3 Makaedza kutenda kuti munofanira kugashira maropafadzo amakapuhwa; asi tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri makanga muine kutya mwoyo yenyu, uye zvirokwazvo ndicho chikonzero chakaita kuti murege kugashira.

4 Uye zvino, ini Ishe, ndinokupai uchapupu hwechokwadi hwemirairo iyi iri pamberi penyu.

5 Maziso enyu anga ari pamu-

randa wangu Joseph Smith, Mwana, uye rurimi rwake ma-irwuziva, uye nekusarurama kwake maikuziva; uye makatsvaka mumwoyo yenyu ruzivo kuti zvimwe mungataure kupfuura rurimi rwake, izvi naizvowo munozviva.

6 Zvino tsvakai kubva muBhuku reMirairo, kunyangwe mudikidiki uyo uri pakati paro, uye mugodoma uyo ane uchenjeri hwakanyanya pakati penyu.

7 Kana kuti, kana paine mwoyo pakati penyu angaite mwoyo wakafanana naiwowo, zvino munozorevererwa kana muchiti hamuzive kana zviru zvechokwadi;

8 Asi kana musingagone kuita chakaita saichocho, muri pasi pekutongwa kana musingagone kupupura kuti ndezvechokwadi.

9 Nokuti munoziva kuti hamuna kusarurama mazviri, uye icho chakaruruma chinodzika kubva kumusoro, kubva kuna Baba wezviedza.

10 Uye zvakanze, zvirokwazvo ndinoti kwamuri kuti ikodzero yenyu uye ndichivimbisa imi makagadzwa muhushumiri huno, maererano nekuzviku-

67 1a NKM Gosa.

2a Mpi. 34:15.

3a NKM Kutya.

4a NKM Uchapupu;

Chokwadi.

5a D&Z 1:24.

6a 2 Ni. 9:28-29, 42.

8a NKM Mupupuri.

9a Moro. 7:15-18.

b Jkb. 1:17;

D&Z 50:24; 84:45;

88:49.

rura kubva “mushanje ^bnokutya, uye ‘mukazvininipisa pamberi pangu, nokuti hamuna kuzvininipisa zvakakwana, ^dchidzitiro chichatsemurwa uye ‘muchandiona mugoziva kuti Ndini — kwete nezvenyama kana nepfungwa yezvenyama, asi neyemweya.

11 Nokuti hakuna “munhu akaona Mwari panguva ipi zvayo munyama, kunze kwekunge akamutswa neMweya waMwari.

12 Kana ani zvake munhu “wenyama angagare pamberi

paMwari, kana mupfungwa yenyama.

13 Imi hamugone kurarama pamberi paMwari iyezvino, kana hushumiri hwengirozi; nokudaro rambai muine “mwoyo murefu kudakara mave ^bvakakwana.

14 Musarega pfungwa dzenyu dzichicheuka shure; uye kana “makakodzera, munguva yangu muchaona uye mugoziva icho chakaiswa pamuri nemaoko emuranda wangu Joseph Smith, Mwana. Amenii.

CHIKAMU 68

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio Mbudzi 1831, zvakumbirwa naOrson Hyde, Luke S. Johnson, Lyman E. Johnson, William E. McLellin (History of the Church, 1:227–229). Kana dai chakazarurwa ichi chakapihwa semhinduro kuchikumbiro chekuti pfungwa yaIshe izivikanwe maererano nemagosa ataurwa zvizhinji zvirimo zvine chekuita neChechi yose.

1–5, Mazwi emagosa kana vafemerwa neMweya Mutsvene anova magwaro matsvene; 6–12, Magosa anofanira kuparidza nokubhabhatidza, uye zviratidzo zvichatevera vanotenda zvechokwadi; 13–24, Dangwe pakati pevana vaAroni vanogona kushanda saBhishopi Anotungamira (zvinoreva kuti anobata makiyi ehutungamiri sabhishopi) ari pasi pehurairi hweHutungamiri Hwekutanga; 25–28,

Vabereki vanoudzwa kuti vadzidzise vhangeri kuvana vavo; 29–35, Vatendi vanofanira kucherechedza Sabata, vashande zvakasimba, uye vanamate.

MMURANDA wangu Orson Hyde, akadaidzwa noku-gadzwa kwake kuti ashambadze vhangeri risingaperi, “neMweya waMwari mupenyu, kubva kuvanhu kuenda kuvanhu,

10a NKM Ane Shanje.
b NKM Kutya.
c NKM Akazvininipisa.
d NKM Chidzitiro.
e D&Z 88:68;
93:1; 97:16.
11a DJS, Eks. 33:20, 23;

Joh. 1:18; 6:46;
DJS, I Joh. 4:12;
D&Z 84:19–22;
Mos. 1:11, 14.
12a Mosaya 3:19.
NKM Munhu
weNyama.

13a VaR. 2:7.
NKM Mwoyo Murefu.
b Mat. 5:48;
3 Ni. 12:48.
14a NKM Anechiremera.
68 1a NKM Mweya
Mutsvene.

uye nekubva munyika iyi achienda kunyika iyo, mumagungano evakaipa, mumasinagogo avo, achitaura navo uye nokutsanangura magwaro matsvene ose kwavari.

2 Uye tarisai, uye mutarise uyu ndiwo mufanidzo kune avo vose vakagadzwa hupirishita huno, avo vakapihwa basa rekuti vabude kunze—

3 Uye uyu ndiwo mufanidzo kwavari, kuti “vachataura sekufemerwa kwavanenge vaitwa neMweya Mutsvene.

4 Uye kana chiri chavachataura vafemerwa neMweya “Mutsvene chichave rugwaro rwutsvene, chichave chido chaIshe, chichave pfungwa dzaIshe, chichave shoko raIshe, chichave izwi raIshe, uye ^bnesimba raMwari rekuponesa.

5 Tarisai, ichi ndicho chivimbiso chaIshe kwamuri, imi varanda vangu.

6 Nokudaro, ivai nokufara, uye “musatyey, nokuti ini Ishe, ndinemi, uye ndichamira nemi; uye imi muchapupura pamusoro pangu, kunyangwe Jesu Kristu, kuti ndiri Mwanakomana waMwari mupenyu, kuti ndaive, kuti ndiri, uye nokuti ndichauya.

7 Iri ishoko raIshe kwauri muranda wangu “Orson Hyde,

uyewo nekumuranda wangu Luke Johnson, uye nekumuranda wangu Lyman Johnson, uye nekumuranda wangu William E. McLellin, uye nekune vakatendeka vose magosa echechi yangu—

8 “Endai munyika yose, ^bparidzai vhangeri ^ckuchisikwa chose, muchishanda ^dnemvumo yandakakupai, ^emuchibhabhatidza muzita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene.

9 Uye “uyo anotenda uye akabhabhatidzwa, ^bachaponeswa, uye uyo asingatende, ^cachatongwa.

10 Uye uyo anotenda acharopafadzwa “nezviratidzo zvinomutevera, kunyangwe seku nyorwa kwazvakaitwa.

11 Uye kwamuri kuchapihwa kuziva “zviratidzo zvinguva, uye nezviratidzo zvekuuya kweMwanakomana weMunhu;

12 Uye sekuwanda kuchaita avo vachapupurirwa naBaba, kwamuri kuchapihwa simba “rekuvasunganidza kuupenyu hwokusingaperi. Amenii.

13 Uye zvino, maererano nezvezvimwe zvinhu pamusoro pezvibvumirano nemirairo, ndezvizvi—

14 Kune zvimwe mushure menguva ino, munguva yaIshe mamwe “mabhisopii anofani-

3a II Pet. 1:21;
D&Z 18:32; 42:16;
100:5.

4a NKM Mweya
Mutsvene;
Zvakazarurwa.

b VaR. 1:16.

6a Isa. 41:10.

7a NKM Hyde, Orson.

8a D&Z 1:2; 63:37.

b NKM Basa re-
Kushumira; Paridza.

c Marko 16:15.

d NKM Mvumo.

e NKM Bhabhatidza.

9a Marko 16:16;
D&Z 20:25.

b NKM Ruponeso.

c NKM Kuraswa.

10a NKM Chiratidzo.

11a NKM Zviratidzo
zveNguva.

12a D&Z 1:8; 132:49.
NKM Kusunga.

14a NKM Bhisopii.

ra kuiswa munzvimbo muchechi, kuti vashande kunyangwe sezvaiita vekutanga;

15 Nokudaro, vachave vapirisita “vepamusoro vakakodzera, uye vachadomwa neveHutungamiri ^bHwekutanga hweHupirisita hwaMerkizedeki, kunze kwekunge vari vechizvarwa chechokwadi ^cchaAroni.

16 Uye kana vari vechizvarwa “chaAroni chechokwadi vane kodzero iri pamurau kuhuBhishopi, kana vari matangwe pakati pevanakomana vaAroni;

17 Nokuti dangwe rine mvumo yekuwana hutungamiri pamusoro pehupirisita uhu, uye “nemakiyi kana mvumo yazvo.

18 Hakuna munhu ane kodzero yakakwana kuve muchinzvimbo ichi, kuve nekiyi dzehupirisita uhu, kunze kwekunge ari chizvarwa “chechokwadi chaicho uye ari dangwe raAroni.

19 Asi semupirisita “wepamusoro muhupirisita hwaMerki- zedeki ane mvumo yekubata mumabasa ose epasi anogona kubata muchinzvimbo ^bchabishopi kana pasina chizvarwa chaicho chaAroni chingawani- kwe, ndokunge adaidzwa ne- kutsaurwa ogadzwa kusimba iri, pasi pemaoko eHutungamiri Hwekutanga weHupirisita hwaMerkizedeki.

20 Uye chizvarwa chaicho

chaAroni chinofanirawo kunogedzwa neHutungamiri uhu chowanikwa kuti chakakodzera “nokuzodzwa ^bchogadzwa pasi pemaoko uHutungamiri uhwu, kana zvisizvo havana mvumo yakakwana yekuita basa muhupirisita hwavo.

21 Asi pamusana pechisungo chakaitwa maererano nekodzera yavo yehupirisita uhwo hunobva pana Baba huchienda kumwanakomana, vanogona kutsvaka kuzodzwa kwavo kana vakakwanisa kuratidza, panguva ipi zvayo kuti mutsetse wekuzvarwa kwavo ndeu- yu, kana kuzvitsinhira nezva- kazarurwa zvinobva kuna Ishe pasi pemaoko eHutungamiri hwabva kutaurwa pamusoro.

22 Uye zvakare, hakuna bhishopi kana mupirisita wepamusoro, uyo achatsaurirwa kuhushumiri uhu achayedzwa kana kubatwa nemhosva ipi zvayo, kunze kwekunge pari pamberi peHutungamiri “Hwe- kutanga hwechechi.

23 Kana ari awanikwa aine mhosva pamberi peHutungamiri uhu, neuchapupu husinga- gone kurambwa, achatongwa.

24 Uye kana akatendeuka “anoregererwa, maererano nezvibvumirano nemirairo ye- chechi.

25 Uye zvakare, kana “vabereki

15a D&Z 72:1.

^b NKM Hutungamiri hweKutanga.

^c NKM Aroni, Mukoma waMosesi.

16a D&Z 107:15–17.

NKM Hupirisita hwaAroni.

17a NKM Kiyi

dzeHupirisita.

18a Eks. 40:12–15; D&Z 84:18; 107:13–16, 70–76.

19a NKM Mupirisita

wePamusoro.

^b NKM Bhishopi.

20a NKM Zodza.

^b NKM Gadza.

22a NKM Hutungamiri

hweKutanga.

24a NKM Regerera.

25a NKM Mhuri—

Mabasa evabereki.

vaine vana muZioni, kana munechero ^bhoko dzayo dzakarongwa, avo ^cvasingavadzidzise kuti vanzwisise dzidziso yekutendeuka, rutendo munaKristu Mwanakomana waMwari munpenyu, uye nezverubhabhatidzo uye nechipo cheMweya Mutsvene nokugadzwa maoko pamusoro, pakusvitsa makore ^amase-re, ^cchitadzo ichocho ngachive pamusoro pevabereki.

26 Nokuti uyu uchave mutemo kuvagari ^avemuZioni, kana munechero hoko dzayo dzakarongwa.

27 Uye vana vavo ^avachabhabhatidzwa kuti ^bvaregererwe zvitadzo zvavo pavanenge vave nemakore ^cmasere, uye vachibva vagashira kugadzwa maoko pamusoro.

28 Uye vachadzidzisawo vana vavo ^akunamata, uye nokuti vafambe vakatwasanuka pamberi palshe.

29 Uye vagari vemuZioni nainvowo vachacherechedza ^aSabata kuti varichengete riri dzvene.

30 Uye vagari vemuZioni nainvowo vanofanira kurangarira kushanda kwavo, kana vari

vakadomwa kuti vashande, nomukutendeka kose; nokuti uyo anenungo achave mukurangarirwa pamberi palshe.

31 Zvino, ini Ishe, handisi kunyatsofadzwa nevagari vemuZioni, nokuti mune ^anyope mukati mavo; uye nevana vavo varikukurawo mukati ^bmezvakaipa; ^chavatsvake neshungu upfumi hwekusingapere, asi maziso avo azere nemakaro.

32 Zvose zvinhu izvi hazvifanire kuvapo, uye zvinofanira kubviswa mukati mavo; nokudaro regai muranda wangu Oliver Cowdery atakure mazwi aya kunyika yeZioni.

33 Uye ndinovapa murairo — kuti uyo asingacherechedze kuita ^aminamoto yake pamberi palshe nemwaka wakafanira, regai ave ^bmukurangarirwa pamberi pemutongi wevanhu vangu.

34 ^aMazwi aya ndeekhwadi uye akatendeka; nokudaro musaatyore, kana ^bkubvisa mamwe mazwi maari.

35 Tarisai ndini ^aArfa na-Omega, uye ndinokurumidza ^bkuuya. Amenii.

CHIKAMU 69

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio, Mbudzi 1831 (History of the Church, 1:234–235). Kurongwa kwezvakazarurwa zvakangwa zvakarongerwa kushambadzwa

25b NKM Hoko.

c NKM Dzidzisa.

d D&Z 18:42; 20:71.

e Jak. 1:19;

D&Z 29:46–48.

26a NKM Zioni.

27a NKM Bhabhatidza.

b NKM Kuregererwa

kweZvitadzo.

c NKM Kudavira.

28a NKM Munamoto.

29a D&Z 59:9–12.

NKM Zuva reSabata.

31a NKM Anenungo.

b NKM Akaipa.

c D&Z 6:7.

33a NKM Munamoto.

b NKM Kuranga;

Kutonga.

34a Zvaka. 22:6.

b D&Z 20:35; 93:24–25.

35a NKM Arfa naOmega.

b D&Z 1:12.

nokukurumidza kwakanga kwabvumirwa pamusangano mukuru waikosha musu wa1 Mbudzi. Musu wa3 Mbudzi, zvakazarurwa zviri muno zvino-ratidzwa sechikamu 133 zvapakamhidzirwa zvika daidzwa kuti zvitutsi-rwa. Nekuita kwemucheche, Oliver Cowdery akadomwa kuti atakure magwaro akarongwa ezvakazarurwa nemirairo, kuenda nawo muIndependence, Missouri, kuti anodhindwa. Aifanirwawo kutakura mari yakange yaunganidzwa kuti ivakiswe Chechi muMissouri. Sezvo nzira yaafamba nayo yaimuendesa nemunzvimbo dzakanga dzisina vagari vakawanda kusvika kumuganhu, mumwe wekufamba naye aidirwa.

1-2, John Whitmer achaperekedza Oliver Cowdery kuMissouri; 3-8, Anofanirawo kuparidza uye noku-unganidza, nokuchengetedza uye nokunyora nyaya dzenhorondo.

TEEERERAI kwandiri imi, vanodaro Mwari venyu, pamusana pemuranda wangu “Oliver Cowdery. Hazvina ungaru kwandiri kuti aphiwe mirairo nemari zvaachatakura kuenda nazvo kunyika yeZioni, kunze kwekunge kuine mumwe anoenda naye uyo anenge ari pachokwadi uye akatendeka.

2 Nokudaro, ini Ishe ndinoda kuti muranda wangu, “John Whitmer, aende nemuranda wangu Oliver Cowdery;

3 Uye nokutiwo acharamba achinyora uye achiita “nhorondo rwezvinhu zvose zvakakosha izvo zvaachaona nokuziva pamusoro pechechi yangu.

4 Uye nokutiwo agashire “kurairwa uye nokuyamurwa

kubva kumuranda wangu Oliver Cowdery nevamwe.

5 Uyewo varanda vangu vari pasi pose vanofanira kutumirwa zvavakaita “muhutariri hwavo kunyika yeZioni;

6 Nokuti nyika yeZioni ichave chigaro nenzvimbo yekugashira uye nekuita zvose zvinhu izvi.

7 Zvisinei, regai muranda wangu John Whitmer afambe nguva dzakawanda achienda kubva nzvimbo nenzvimbo, kubva kucheche kuenda kucheche, kuti zvimitire nyore kuwana ruzivo—

8 Achiparidza nokutsanangura, achinyora, achitevedzera zvinyorwa zviripo achisarudza, uye nokuwana zvose zvinhu zvichave zvakana kucheche, uye nezvizvarwa zvirikukura izvo zvichakurira munyika “yeZioni, kuti ive yavo zvizvarwa nezvizvarwa, nariini nariini. Ameni.

CHIKAMU 70

Zvakazaruruwa zvapakipihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 12 Mbudzi 1831 (History of the Church, 1:235-237).

69 1a NKM Cowdery,
Oliver.

2a NKM Whitmer, John.

3a D&Z 47:1-3; 85:1.

4a NKM Rairo.

5a NKM Mutariri.

8a NKM Zioni.

Nhoroondo yakanyorwa neMuporofita inoti misangano mikuru mina yaikosha yakaitwa kubvira musi wa1 kusvika musi wa12 Mbudzi. Mune wekupedzisira wemisangano iyi, kukosha kukuru kweBhuku reMirairo, iro rakazodaidzwa kuti Dzidziso neZvibvumirano, kwakataurwa; uye Muporofita anoriti "hwaro hweChechi mumazuva ano ekupedzisira, uye riri chipundutso kunyika, zvichiratidza kuti makiyi ezvakavanzika zveumambo hweMuponesi wedu akadzororwa zvakare kumunhu" (History of the Church, 1:235).

1-5, Vatariri vanosarudzwa vekuti vashambadze zvakarurwa; 6-13, Avo vanoshanda muzvinhu zvemweya vanokodzera mubairo wavo; 14-18, Vatendi vanofanira kuve vakaenzana muzvinhu zvemunyika.

TARISAI, uye muteerere, imi vagari vemuZioni, uye nemi vanhu vechechi yangu vari kure, uye munzwe izwi raIshe randinopa kumuranda wangu Joseph Smith, Mwana, uyewo nekumuranda wangu Martin Harris, uyewo nekumuranda wangu Oliver Cowdery, uye wo nekumuranda wangu John Whitmer, uyewo nekumuranda wangu Sidney Rigdon, uyewo nekumuranda wangu William W. Phelps, nenzira yemurairo kwavari.

2 Nokuti ndinovapa murairo; nokudaro teererai munzwe, ndikokutaura kwaIshe kwavari—

3 Ini Ishe ndakavadoma, uye ndikavagadza kuti vave "vatariri vezvakazarurwa nemirairo iyo yandakavapa, uye neiyo yandichavapa pano;

4 Uye rondedzero yehutariri

uhu ndichaida kwavari muzuva rekutongwa.

5 Nokudaro, ndadoma kwavari uye iri ndiro basa ravo muchechi yaMwari, kuzvitariisa uye nezvose zvine chekuita nezvazvo, hongu, nezvavanowana mukudaro.

6 Nokudaro, ndinopa murairo kwavari, kuti havafanire kuzopa zvinhu izvi kuchechi, kana kunyika;

7 Zvisinei, kana vari vanenge vachigashira zvakananda kupfuura zvavanofanirwa uye nezvavanoda, zvichapihwa "kumba yangu yekuchengetera;

8 Uye rubatsiro ruchapihwa kuvagari vemuZioni, uye nekuzvizarwa zvavo, sezvo vachinge vave "vagari venhaka maerera no nemirau yemuumambo.

9 Tarisai, izvi ndizvo zvinodiwa naIshe kumunhu wose "muhutariri hwake, kunyange seni Ishe, ndadoma kana zva ndichadomera kumunhu upi zvake kubva zvino.

10 Uye tarisai, hapana anosiiwa mumutemo uyu iye ari wechechi yaMwari mupenyu;

11 Hongu, kana bhishopi, kana "mumiririri anochengeta imba

yaIshe yekuchengetera, kana uyo anodomwa kuhutariri hwekufambisa zvinhu zvemunyika.

12 Uyo akadomwa kuti afambise zvinhu zvemweya, iye-yo “akakodzera mubairo wake, kunyangwe seavo vakadomwa kuti vave vatariri vanotarira zvinhu zvepano;

13 Hongu, kunyangwe zvakawanda, uye uko kuwanda kwacho kwakapetwa kazhinji kwavari kuburikidza nezvinoratidzwa neMweya.

14 Zvisinei, muzvinhu zvenyu zvepano “muchenzana, uye izvi kwete muchinyunyuta, nokuti kuwanda kwezviratidzo zveMweya kungabviswe.

15 Zvino, uyu “murairo ndinoupa kuvaranda vangu kuti

zvivabatsire vachiriko, sechiratidzo chemaropafadzo angu pamisoro yavo, uye semubairo^bwekushingirira kwavo uye kuitira kuvadzivirira;

16 Kwezvekudya “nezveku-pfeka; kwenhaka; kwedzimba uye nokwenyika, pari papi zvapo ini Ishe, pandichavaisa, uye kwose zvako, ini Ishe, kwandichavatumira.

17 Nokuti vanga vakatendeka muzvinhu “zvizhinji, uye vakaita zvakanaka mune zvose zvavasina kutadza

18 Tarisai, ini Ishe, ndine “tsitsi uye ndichavaropafadza, uye vachapinda mukufara kwezvinhu izvi. Kunyangwe saizvo-zvo. Amen.

CHIKAMU 71

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita uye naSidney Rigdon, paHiram, Ohio, 1 Zvita, 1831 (History of the Church, 1:238–239). Muporofita akanga achienderera mberi nekududzira Bhaibheri, Sidney Rigdon ari munyori wake kusvika panguva yakagashirwa chakazarurwa chino, panguva iyoyi chakamboiswa parutivi kuti zvivaite kuti vagone kuzadzikisa zvairairwa imomo. Hama dzaifanira kuenda kunoparidza kuti vabvise pfungwa dzakaipa dzakange dzavepo maererano neChechi pamusana pezvakamboshambadzwa mumapepanhau naEzra Booth uyo akange arasika pachitendero.

1–4, Joseph Smith naSidney Rigdon vanotumwa kunoparidza vhangeri; 5–11, Vavengi vevatendi vachanyadziswa.

TARISAI, vanodaro Ishe kwamuri imi varanda vangu Joseph Smith Mwana, “naSidney Rigdon, kuti nguva, zvirokwa-zvo yauya kuti zvinofanira uye

12a Ruka 10:7.

14a D&Z 49:20.

NKM Gadza, Mutemo weruGadzo.

15a Deut. 10:12–13.

b NKM Hushingi.

16a D&Z 59:16–20.

17a Mat. 25:21–23.

18a NKM Anetsitsi.

71 1a NKM Rigdon, Sidney.

nokudiwa mandiri, kuti muzarure miromo yenyu ^bmukushambadza vhangeri rangu, zvinhu zveumambo, muchitsanangura ^czvakanzika muchizviburitsa mumagwaro matsvene, maererano nemugove uyo weMweya nesimba izvo zvichapihwa kwamuri, kunyangwe sekuda kwangu ini.

2 Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, paridzai kunyika mumatunhu akatenderedza, uye nemuchechiwo, kwechinguva chakati kuti, kunyangwe kusvika zvaitwa kuti zviziviswe kwamuri.

3 Zvirokwazvo iri ibasa rechinguvana, randiri kupa kwauri.

4 Nokudaro, shandai imi mumunda wangu wemizambiringa. Daidzirai kuvagari vemunyika, uye mupe uchapu-pu, uye mugadzirire nzira yemirairo nezvakazarurwa izvo zvichauya.

5 Zvino, tarisai uhu hungwaru;

ani zvake anoverenga, regai ^aanzwisise uye ^bagogashirawo;

6 Nokuti kune uyo anogashira achapihwa zvizhinji ^azvakanzika dzerwa, kunyangwe simba.

7 Nokudaro, ^akangaidzai vavengi venyu; vadaidzei kuti ^bvasangane nemi kwose, pane vanhu uye nepamunenge muri mega; uye imi kana muri vakatendeka kunyara kwavo kuchaiswa pachena.

8 Nokudaro, regai vaunze zvikonzero zvavo zvakasimba zvekurwisana naIshe.

9 Zvirokwazvo, vanodaro Ishe kwamuri—hakuna ^achombo chinoitirwa kukurwisai chichabudirira;

10 Uye kana mumwe munhu akasimudza izwi rake achikurwisai, achanyadziswa munguva yangu.

11 Nokudaro, chengetai mirairo yangu; ndeye chokwadi uye yakatendeka. Kunyangwe saizvovo. Amenii.

CHIKAMU 72

Zvakazarurwa zvakanzika kuburikidza naJoseph Smith, Muporofita, paKirtland, Ohio, 4 Zvita 1831 (History of the Church, 1:239–241). Magosa akawanda nenhengo vakanga vaungana kuti vadzidze mabasa avo uye nokuti vasimbiswe zvakanzika mukudzidzisa kweChechi. Chikamu ichi kusanganiswa kwezvakazarurwa zvoiviri zvakanzika zuva rimwechetero. Ndima yekutanga kusvika kune yosere dzinozivisa kudaidzwa kwaNewel K. Whitney sabhishopi. Akaidzwa akagadzwa, mushure mazvo ndima yechipfumbamwe kusvika kundima yechimakumi maviri nenhanhatu dzakanzika, dzichipa rumwe ruzivo rwekuti basa rabhishopi chii.

1b NKM Basa
reKushumira.
c D&Z 42:61, 65.

5a NKM Kunzwisisa.
b Aruma 12:9–11.
6a Mat. 13:12.

7a Mos. 7:13–17.
b D&Z 63:37; 68:8–9.
9a Isa. 54:17.

1-8, *Magosa anofanira kutaura pamusoro pehutariri hwavo kuna bhishopi*; 9-15, *Bhishopi anoche-ngeta imba yekuchengetera uye achiyamura varombo uye nevano-shaya*; 16-26, *Mabhishopi achave anotsinhira kukodzera kwemagosa.*

TEEERERAI, uye munzwe ku-izwi raIshe, imi maungana pamwechete, imi muri mapiri-sita “epamusoro echechi yangu, kwamuri kuri kwakapihwa^bumambo nesimba.

2 Nokuti zvirokwasvo, vanodaro Ishe, zvakanaka kwandiri kuti “bhishopi adomerwe imi, kana kudomwa nemi, kuchechi muchidimbu chino chemunda wemizambiringa raIshe.

3 Uye zvirokwasvo muchinhu ichi maita zvakangwara, nokuti zvinodiwa naIshe, “kumutariri ega-ega kuti ape^brondedzero “yehutariri hwake, zvose munguva ino uye nokusingaperi.

4 Nokuti kune uyo anotende-ka uye “akangwara nekufamba kwenguva anowanikwa aka-kodzera kugara nhaka^byedzi-mba dzaakagadzirirwa naBaba vangu.

5 Zvirokwasvo ndinoti kwa-muri, magosa echechi chidimu chino “chemunda wangu we-mizambiringa vachataura ne-zvebasa ravo kuna bhishopi, uyo achadomwa neni, muchi-

dimu chino chebindu rangu remidzambiringa.

6 Izvi zvinhu zvichave zvakan-nyorwa, kuti zvigopihwa kuna bhishopi muZioni.

7 Uye basa “rabhishopi richa-ziviswa kuburikidza nemirairo iyo yakapihwa, uye nezwi re-muchechi mukuru.

8 Uye zvino, zvirokwasvo ndinoti kwamuri muranda wan-gu “Newel K. Whitney ndiye munhu achadomwa uye noku-gadzwa kusimba iri. Ichi ndicho chido chaIshe Mwari venyu, Mununuri venyu kunyangwe saizvozvo. Amen.

9 Shoko raIshe, kuwedzera pane mutemo wapihwa, rinoita kuti basa rabhishopi rizivika-nwe uyo akagadzwa kuchechi muchikamu chino chemunda wemizambiringa, rinova zviro-kwasvo rinova —

10 Kuchengeta “hozi yaIshe yekuchengetera; kutambira mari yechechi muchikamu chi-no chemunda wemizambiringa;

11 Kugashira zvisumo zvema-gosa sekurairwa kwazvakaitwa kare; uye “nekuropafadzra kune zvavanoda, avo vachabhadhara izvo zvavanogashira, kana vari vanazvo zvekubhadharisa;

12 Kutu izvi naizvozvo zvipi-rwe mukuyamura chechi. Ku-varombo nekune vanoshaya.

13 Uye uyo “asina chekubha-

72 1a D&Z 68:14-19.

b NKM Umambo
hwaMwari kana
Umambo
hweKudenga.

2a NKM Bhishopi.

3a NKM Mutariri.

b D&Z 42:32;

104:11-13.

c Ruka 19:11-27.

4a Mat. 24:45-47.

b D&Z 59:2.

5a NKM Munda
wemizambiringa
waIshe.

7a D&Z 42:31; 46:27;

58:17-18; 107:87-88.

8a NKM Whitney,
Newel K.

10a D&Z 70:7-11; 78:3.

NKM Imba
Yekuchengetera.

11a D&Z 75:24.

13a NKM Murombo.

dharisa nacho, chikwereti ichocho chichatorwa chonopihwa kuna bhishopi weZioni, uyo achabhadhara chikwereti ichocho neizvo zvichaiswa mumako ake naIshe.

14 Uye kushanda kwevakatendeka avo vanoshanda muzvinhu zvemweya, mukuropafadza basa revhangeri uye nezvinhu zveumambo kuchechi, uye nekunyika, zvinotorwa semuripo wechikwereti kuna bhishopi muZioni;

15 Ndikokubva kwainoita muchechi, nokuti maererano “nemutemo wose munhu anouya kuZioni anofanira kuisa zvose pamberi pabhishopi muZioni.

16 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ose magosa ari muchikamu chino chemunda wemizambiringa akafanira kuisa hutariri hwavo kuna bhishopi muchikamu chino chemunda wemizambiringa—

17 “Tsamba inotsigira inobva kumutongi kana bhishopi muchikamu chino chemunda wemizambiringa, kana bhishopi muZioni, inoita kuti wose munhu atambirwe, uye inotaura zvose zvinodiwa, kuti ave nenhaka, uye nekuti agashirwe^b semutariri akangwara uye semushandi akatendeka;

18 Kana asina, haazogashirwa nabhishopi weZioni.

19 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, regai rose gosa richazvidairira kuna bhi-

shopi wechechi muchikamu chino chemunda wemizambiringa varevererwe nechechi kana machechi, umo maanoshanda, kuti azviratidze iye nezvaanoita kuti zvakakodzera muzvinhu zvose.

20 Uye zvakare, regai varanda vangu vakadomwa sevatariri pamusoro pezvinetso “zvemabhuku zvechechi yangu vave nekodzero yekuyamurwa nabhishopi kana mabhishopi muzvinhu zvose—

21 Kuti “zvakarurwa zvishambadzwe, uye zviende kumiganhu yenyika; kuti naivowo vawane mari iyo ichayamura chechi muzvinhu zvose;

22 Kuti vazviratidze kuti vakakodzera muzvinhu zvose, uye vachiverengwa sevatariri vakangwara.

23 Uye zvino, tarisai uyu uchave mufananidzo kumapazi ose akasiyana-siyana echechi yangu, munyika yose zvayo yaangave amiswa. Uye zvino ndinopedza kutaura kwangu. Amen.

24 Mazwi mashomanani ekuwedzera kumutemo yeumambo, pamusoro penhengo dzechechi-avo “vakadomwa neMweya Mutsvene kuti vaende kuZioni, uye neavo vakakomborerwa kuenda kuZioni—

25 Regai vatakure kuna bhishopi tsamba yekutsigira inobva kumagosa matatu echechi, kana tsamba yekutsigira inobva kuna bhishopi;

15a D&Z 42:30–31.
NKM Gadza, Mutemo
weruGadzo.
17a D&Z 20:64, 84.

b D&Z 42:32.
20a D&Z 70:3–5.
21a NKM Dzidziso
neZvibvumirano.

24a NKM Akadaidzwa
naMwari.

26 Zvikasava saizvozvo uyo achaenda kunyika yeZioni hazoverengwa semutariri aka-

ngwara. Uyuwo mufananidzo. Ameni.

CHIKAMU 73

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita uye naSidney Rigdon, paHiram, Ohio, 10 Ndira 1832 (History of the Church, 1:241–242). Kubvira mukutanga kwaZvita, Muporofita naSidney vakange vachiparidza, uye nokuita uku, zvizhinji zvakaitwa mukuseredza pfungwa dzakaipa dzaive dzamuka maererano neChechi (onai misoro yenyaya yechikamu 71).

1–2, Magosa anofanira kuramba achiparidza; 3–6, Joseph Smith na-Sidney Rigdon vanofanira kuramba vachidudzira Bhaibheri kusvikira rapera.

NOKUTI zvirokwasvo, vanodaro Ishe, zvakafanira kwandiri kuti “varambe vachiparidza vhangeri, uye nemukuyambira kumachechi ari mumatunhu akatenderedza, kudakara kwaitwa musangano mukuru.

2 Uye zvino, tarisai, zvichaziviswa kwavari, “nezwi remusangano mukuru, hushumiri hwavo hwakasiyana-siyana.

3 Zvino, zvirokwasvo ndinoti kwamuri varanda vangu, Joseph Smith, Mwana, naSidney

Rigdon, vanodaro Ishe, “zvino-fanira kuti ^bmududzire zvakare; 4 Uye kana zviri zvinoitika, kuti muparidze mumatunhu akatenderedza kudakara musi wemusangano mukuru; uye mushure mezvo munofanira kuenderera mberi nebasa reku-dudzira kusvikira rapera.

5 Uye regai zvive mufananidzo kumagosa kudakara kwave nerumwe ruzivo rwakawedzera, kunyangwe sekunyorwa kwazvakaitwa.

6 Zvino handichakupai zvimwe nguva ino. “Sungirai nguwo dzenyu muchiuno uye muve makatsiga. Kunyangwe saizvozvo. Ameni.

CHIKAMU 74

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio, Ndira 1832 (History of the Church, 1:242). Muporofita anonyora: “Pakugashira izwi rinotevera raIshe [D&Z 73], ndakatanga zvakare kududzira Magwaro Matsvene, uye ndikashanda nesimba kusvika musi

73 1a NEMAMWE MAZWI
vamwe vakange vari
muhushumiri, ona
D&Z 57–68.
2a D&Z 20:63.
3a NEMAMWE MAZWI

Joseph naSidney
vakange
vamborairwa kuti
vamire kududzira
Bhaibheri kuti
vaparidze vhangeri.

D&Z 71:2.
b D&Z 45:60–61; 76:15.
NKM Dudziro
yaJoseph Smith (DJS).
6a I Pet. 1:13.

wemusangano mukuru wave kuda kusvika, uyo wakange uchiitwa musi wa25 Ndira. Munguva iyoyi, ndakagashirawo zvinotevera, sekutsanangurwa kweTsamba Yekutanga kuVaKorinte, Chaitsauko 7, ndima yechi14” (History of the Church, 1:242).

1-5, *Pauro anoraira Chechi yema zuva ake kuti isachengete mutemo waMosesi; 6-7, Vana vadiki vatsvene uye vakacheneswa kuburikidza neRudzikinuro.*

NOKUTI murume “asingatende anocheneswa nemukadzi; uye mudzimai asingatende anocheneswa nemurume; pasi na izvozvo vana venyu vainge vasina kuchena, asi zvino vave vatsvene.

2 Zvino, mumazuva evaapostori mutemo wekudzingswa waiitwa mukati memaJuda ose avo vakanga vasingatende vhangeri raJesu Kristu.

3 Uye zvakaitika kuti kwakamuka “gakava guru mukati mevahu pamusoro pemutemo ^bwekudzingswa, nokuti murume akange asingatende aida kuti vana vake vadzingswe, kuti vave pasi ^cpemutemo waMosesi, uri mutemo wakanga wazadzikiswa.

4 Uye zvakaitika kuti vana, sezvo vakarererwa pasi pemutemo waMosesi, vakateerera “tsika dzemadzibaba avo uye vakasatenda vhangeri raKristu, mukudaro vakabva vave vasiri vatsvene.

5 Nokudaro nechikonzero ichi muapostori akanyorera kuchechi, achipa kwavari murairo, kwete waIshe, asi wake iye, kuti mutendi haana kufanira “kubatana neasingatende; kunze kwekunge ^bmutemo waMosesi wabviswa pakati pavo.

6 Kuti vana vavo vagare vasina kudzingswa; uye nokuti tsika iyoyo ibviswe, iyo inoti vana vadiki havasi vatsvene; nokuti zvaiitwa pakati pemaJuda;

7 Asi “vana vadiki ^bvatsvene, nokuti ^cvakacheneswa kuburikidza ^dnerudzikinuro rwaJesu Kristu; uye izvi ndizvo zvinoreva magwaro matsvene.

CHIKAMU 75

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Amherst, Ohio, 25 Ndira 1832 (History of the Church, 1:242-245). Musi uyu waive musi wemusangano mukuru wakanga warongwa kare. Pamusangano uyu Joseph Smith akatsigirwa uye akagadzwa seMukuru weHupirisita hwePamusoro. Mamwe magosa, akange awomerwa muku-

74 1a I VaKori. 7:14-19.
3a Mabasa 15:1-35;
VaG. 2:1-5.
b NKM Kudzingswa.
c NKM Mutemo
waMosesi.

4a NKM Tsika.
5a NKM Kuroora—
Kuroora
kwevezvitendero
Zvakasiyana.
b 2 Ni. 25:24-27.

7a Moro. 8:8-15;
D&Z 29:46-47; 137:10.
b NKM Mutsvene.
c NKM Ruponeso—
Ruponeso rwevana.
d NKM Dzikinura.

svitsa vanhu pakunzwisisa shoko ravo, vakada kudzidza zvakadzama pamusoro pemabasa avo. Chakazarurwa chino chakatevera.

1-5, *Magosa akatendeka vanoparidza vhangeri vachawana upenyu hwokusingaperi*; 6-12, *Namatai kuti mugashire Munyaradzi, uyo anodzidzisa zvose zvinhu*; 13-22, *Magosa achagara mukutonga avo vanoramba mashoko avo*; 23-36, *Mhuri dzevashumairi dzinofanira kugashira ruyamuro kubva kuChechi.*

ZVIROKWAZVO, zvirokwa-zvo, ndinoti kwamuri, ndiri kutaura kunyangwe ^anezwi re-Mweya wangu, kunyangwe ^bArfa naOmega, Ishe venyu na-Mwari venyu—

2 Teererai, imi makapa mazita enyu kuti muende kunoparidza vhangeri rangu, uye ^anokukwanhurira ^bmunda wangu wemizambiringa.

3 Tarisai, ndinoti kwamuri chido changu kuti muende izvozvi uye musagare, kana kuve ^aneunyope asi kuti muhande nesimba renyu—

4 Muchisimudza mazwi enyu sekurira kwehwamanda, ^amuchishambadzira ^bchokwadi maererano nezvakazarurwa uye nemirairo iyo yandakakupai.

5 Uye saka, kana makatendeka muchatakudzwa ^amasvinga

mazhinji, uye ^bmugogadzwa ^cnerukudzo, ^dnokubwinya, uye ^enokusafa, uye noupenyu ^fhwokusingaperi.

6 Naizvozvo, zvirokwa-zvo ndinoti kumuramda wangu William E. McLellin, ^andabvisa hutumwa hwandakapa kwaari kuti ayende kunyika dzekumbvazuva;

7 Uye ndinopa kwaari hutumwa hutsva uye nemurairo mutsva, umu ini Ishe ^andinomuranga pamusana ^bpekugunun'una kuri mumwoyo make;

8 Uye akaita chitadzo, zvisinei, ndinomuregerera uye ndinoti kwaari zvakare, Enda kunyika dzekuChamhembe.

9 Uye regai muranda wangu Luke Johnson ayende naye, uye vanoshambadza zvinhu zvandakavaraira—

10 Vachidaidzira kuzita ralshe kuti vawane ^aMweya Munyaradzi, uyo achavadzidzisa zvose zvinhu zvakafanira kwavari.

11 ^aVachinamata nguva dzose kuti vasanete; uye sekuita kwavanenge vachiita izvi, ndinenge ndinavo kunyangwe kusvika kumagumo.

12 Tarisai, ichi ndichochido chaIshe Mwari venyu maerera-

75 1a NKM Zvakazarurwa.

b Zvaka. 1:8.

NKM Arfa naOmega.

2a Jak. 5:62.

b NKM Munda wemizambiringa waIshe.

3a NKM Anenungo.

4a NKM Basa

reKushumira.

b D&Z 19:37.

5a Mpi. 126:6;

Aruma 26:5.

b NKM Ngundu.

c NKM Rukudzo.

d NKM Kubwinya.

e NKM Asingafe.

f NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

6a D&Z 66:1-13.

7a NKM Kuranga.

b NKM Kutsutsumwa; Kufunga.

10a Joh. 14:26.

NKM Munyaradzi.

11a 2 Ni. 32:9.

no nemi. Kunyangwe saizvo-zvo. Amenii.

13 Uye zvakare, zvirokwazvo vanodaro Ishe, regai muranda wangu “Orson Hyde uye nemuranda wangu ^bSamuel H. Smith, vaende rwendo rwavo kunyika dzekumabvazuva, uye vachishambadza zvinhu zvandakavaraira; uye kana varivakatendeka, onai ndinenge ‘ndinavo kunyangwe kusvika kumagumo.

14 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kumuranda wangu Lyman Johnson, nekumuranda wangu “Orson Pratt, naivowo vachaenda rwendo rwavo kunyika dzekumabvazuva, uye tarisai, uye muone, ndinavowo, kunyangwe kusvika kumagumo.

15 Uye zvakare, ndinoti kuramunda wangu Asa Dodds uye nekumuranda wangu Calves Wilson, kuti naivowo vachaenda rwendo rwavo kunyika dziri kumadokero, uye vagoshambadza vhangeri rangu, kunyangwe sekuvaraira kwandakaita.

16 Uye uyo akatendeseka achakurira zvose zvinhu, uye “achasimudzwa muzuva reku-pedzisira.

17 Uye zvakare, ndinoti kumuranda wangu Major N. Ashley, uye nemuranda wangu Burr Riggs, regai vaende rwendo rwavo kunyika yekuchamhembe.

18 Hongu, regai vose ivavo vaende rwendo rwavo, sekura-

ira kwandaita kwavari, vachienda kubva kuimba neimba, uye kubva kumusha nemusha, uye kubva kuguta neguta.

19 Uye mumba ipi zvayo yamuchapinda, uye vakakutambirai, siyai maropafadzo enyu pamba iyoyo.

20 Uye mumba ipi zvayo yamuchapinda, uye vakasakutambirai, muchabva nokukurumidza pamba ipapo, uye “mozunza guruva retsoka dzenyu seuchapupu pamusoro pavo.

21 Uye imi muchazadzwa “nemufaro nekufara; uye muzive izvi, kuti muzuva rekutongwa imi muchave ^bvatongi vemba iyoyo, uye movatonga.

22 Uye zvichavenani kuvahe-dheni muzuva rekutongwa, pane vemba iyoyo; nokudaro, “sungirai nguwo dzenyu muchi-uno uye muve vakatendeka, uye muchakunda zvose zvinhu, uye mugosimudzwa muzuva reku-pedzisira. Kunyangwe saizvo-zvo. Amenii.

23 Uye zvakare, vanodaro Ishe kwamuri, imi magosa echechi yangu, makapa mazita enyu kuti muzive chido chavo pamusoro penyū—

24 Tarisai, ndinoti kwamuri, ibasa rechechi kuyamura mukuriritira mhuri dzavo, uyewo nokuriritira mhuri dzeavo vakadaidzwa uye vari vanofanira kutumwa munyika kunoshambadza vhangeri kunyika.

13a NKM Hyde, Orson.
b NKM Smith, Samuel H.
c Mat. 28:19–20.
14a NKM Pratt, Orson.

16a D&Z 5:35.
20a Mat. 10:14;
Ruka 10:11–12;
D&Z 24:15; 60:15.

21a Mat. 5:11–12.
b NKM Kutonga.
22a VaE. 6:14;
D&Z 27:15–18.

25 Nokudaro, ini Ishe, ndinopa kwamuri murairo, kuti muwane nzvimbo dzemhuri dzenyu, kana hama dzenyu dzichida kuzurura mwoyo yadzo.

26 Uye regai avo vose vanokwanisa kuwana nzvimbo dzemhuri dzavo, uye nerutsigiro rwechechi kwavari, vasatadze kuenda munyika, kana kumbavazuva kana kumadokero, kana kumaodzanyemba, kana kuchamhembe.

27 Regai vakumbire uye vachagashira, vagogodze uye vachazarurirwa, uye zvichibva zvaziviswa kubva kumusoro kunyangwe *“naMweya Munyaradzi, kwavachaenda.*

28 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti wose munhu anosungirwa *“kuriritira^b mhuri yake, anofanira kuiriritira, uye haazorasikirwa nengu ndu yake; uye regai ashande muchechi.*

29 Regai munhu wose ashande

“nesimba muzvinhu zvose; uye^b nyope haizove nenzvimbo muchechi kunze kwekunge atendeka uye agadziridza nzira yake.

30 Nokudaro, regai muranda wangu Simeon Carter uye nemuranda wangu Emer Harris vabatane muhushumiri;

31 Uyewo nemuranda wangu Ezra Thayre nemuranda wangu *“Thomas B. Marsh;*

32 Nemuranda wanguwo Hyrum Smith uye nemuranda wangu Reynolds Cahoon;

33 Uyewo nemuranda wangu Daniel Stanton uye nemuranda wangu Seymour Brunson;

34 Uyewo nemuranda wangu Sylvester Smith uye nemuranda wangu Gideon Carter;

35 Uyewo nemuranda wangu Ruggles Eames nemuranda wangu Stephen Burnett;

36 Uye nemuranda wangu Micah B. Welton uyewo nemuranda wangu Eden Smith. Kunyangwe saizvozvo. Ameni.

CHIKAMU 76

Chiratidzo chakapitwa kuna Joseph Smith uye naSidney Rigdon, paHiram, Ohio, 16 Kukadzi 1832 (History of the Church, 1:245–252). Achisuma kunyora kwake pamusoro pechiratidzo ichi, Muporofita akanyora kuti: “Pakudzoka kwangu kubva kumusangano mukuru weAmherst, ndakatanga zvakare kududzira magwaro matsvene. Kubva kune zvakazarurwa zvakasiyana-siyana izvo zvakanga zvatambirwa, zvaive pachena kuti zvinhu zvizhinji zvinokosha zvinobata ruponeso rwemunhu, zvakanga zvaibiswa muBhaibheri kana kuti zvakararika zvaisati zvaiswa pamwechete. Zvairatidza zvega pakutarisa zvokwadi zvakanga zvoasiwa, kuti kana Mwari aipa mubairo kune wose maererano nezviito zvakaitwa mumuviri izwi rinoti ‘Denga’ richireva; musha weVatendi wokusingaperi, rinofanira kuve neumambo hwakapfuura humwechete. Nokudaro . . . tichidudzira Vhangeri

27a 2 Ni. 32:5; D&Z 8:2.
NKM Mweya
Mutsvene.

28a I Tim. 5:8; D&Z 83:2.
b NKM Mhuri.
29a NKM Hushingi.

b NKM Anenungo.
31a NKM Marsh,
Thomas B.

reMutendi Johane, ini naGosa Rigdon takaona chiratidzo chinotevera" (History of the Church, 1:245). *Maive mushure mekunge Muporofita adudzira gwaro raJohane 5:29 pakapihwa chiratidzo ichi.*

1-4, *Ishe ndivo Mwari; 5-10, Zvakavanzika zveumambo zvicharatidzwa kune vose vakatendeka; 11-17, Vose vachauya mukumuka kuwakafa kwevakarurama kana kwevasina kururama; 18-24, Vagari venyika dzakawanda vanakomana nevanasikana vakaberekwa kuna Mwari kuburikidza nerudzikinuro rwajesu Kristu; 25-29, Ngirozi yaMwari yakapunzika ikave dhiabhorosi; 30-49, Vanakomana vekuraswa vanoraswa kwokusingaperi; vose vamwe vanotowana chimwe chinhanho cheruponeso; 50-70, Kubwinya nemubairo wevanhu vakakwiridzirwa muumambo hweseresitiyaro zvinotsanangurwa; 71-80, Avo vachawana nhaka yeumambo hweteresitiyaro vanotsanangurwa; 81-113, Zvinzvimbo zveavo vari mukubwinya kwetiresitiyaro, nekwateresitiyaro, nekweseresitiyaro zvinotsanangurwa; 114-119, Vakatendeka vangaone uye nokunzwisisa zvakavanzika zveumambo hwaMwari nesimba reMweya Mutsoene.*

INZWAI, imi matenga, uye lupe nzeve, iwe nyika, uye

mufare imi vagari vemo, nokuti Ishe ^bndiMwari, uye kunze kwavo ^chakuna mumwe ^dMuponesi.

2 ^aHukuru ungaru hwavo, ^bdzinoshamisa nzira dzavo, mvero wekuita kwavo hauna anouwana.

3 ^aZvinangwa zvavo hazvitadzike, uye hakuna kana ani anorambidza ruoko rwavo.

4 Kubva kwokusingaperi kusvika kwokusingaperi ndivo ^avamwechetevo, uye makore avo ^bhaagume.

5 Nokuti ndiko kutaura kwaIshe—ini Ishe, ndine ^atsitsi uye ndine nyasha kune avo ^bvanonditya, uye ndinofara kuparukudzo kune avo ^cvandishandira mukururama uye muchokwadi kusvika kumagumo.

6 Mubairo wavo uchave mukuru uye ^anokubwinya kwavo kuchave kwokusingaperi.

7 Uye kwavari ^andicharatidza zvose ^bzvavanzika, hongu, zvose zvavanzika zveumambo hwangu zvavanzika kubvira kumazuva ekare, uye nezvemakore achauya ndicha-

76 1a Isa. 1:2.
 b Jer. 10:10.
 nkm Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari
 Mwanakomana.
 c Isa. 43:11;
 Hos. 13:4.
 d nkm Muponesi.
 2a 2 Ni. 2:24;
 D&Z 38:1-3.

b Zvaka. 15:3.
 3a I Madz. 8:56;
 D&Z 1:38; 64:31.
 4a VaH. 13:8;
 D&Z 35:1; 38:1-4;
 39:1-3.
 b Mpi. 102:25-27;
 VaH. 1:12.
 5a Eks. 34:6;
 Mpi. 103:8.
 nkm Anetsitsi.

b Deut. 6:13;
 Josh. 4:23-24.
 nkm Kutya;
 Ruremekedzo.
 c D&Z 4:2.
 6a nkm Kubwinya kweSeresitiyaro.
 7a D&Z 42:61; 59:4;
 98:12; 121:26-33.
 b nkm Zvakavandika zvaMwari.

zviita kuti vazive zvinofadza chido changu pamusoro pezvinhu zvose zveumambo hwangu.

8 Hongu, kunyangwe zvishamiso zvekwekusingaperi vachazviza, uye nezvinhu zvichauya ndichavaratidza, kunyangwe zvinhu zvezvizvarwa zvizhinji.

9 Uye “ungwaru hwavo huchave hukuru, uye ^bkunzwisisa kwavo kuchavika kudenga; uye pamberi pavo ungwaru hwevachenjeri ^chunoparara, uye nokunzwisisa kwevakangwarira kunova kwenhando.

10 Nokuti “neMweya wangu ^bndichavajekesera, uye ^cnesimba rangu ndichazivisa kwavari zvakananzika zvechido changu — hongu, kunyangwe izvo zvinhu zvisati zvaonekwa ^aneziso, kana kunzwikwa nenzeve, kana zvisati zvambopi nda mumwoyo wemunhu.

11 Isu, Joseph Smith, Mwana, naSidney Rigdon, tiri “muMweya muzuva regumi nenhanhatu raKukadzi, mugore ralshe wedu rechiuru chine mazana masere nemakumi matatu nemaviri —

12 Nesimba “reMweya ^bmaziso edu akazarurwa uye nokunzwisia kwedu kukajekeswa, kuti tione uye togonzwisisa zvinhu zvaMwari —

13 Kunyangwe izvo zvinhu zvakanga zvirira kubvira pekutanga nyika isati yavepo, izvo zvakagadzwa naBaba, kuburikidza nekuMwanakomana wavo Mumwechete Akaberekwa, uyo akanga ari pachipfuva chaBaba, kunyangwe kubvira “pakutanga;

14 Uyo watinopupura; uye uchapupu hwatinopa ndehwevhangeri rizere raJesu Kristu, uyo anova Mwanakomana, uyo watakaona uye “tikataura naye ^bmuchiratidzo chekudenga.

15 Nokuti patakanga tichiita basa “rekududzira, iro Ishe ravakanga vatidomera, takauya pandima yemakumi maviri nemapfumbamwe muchitsauko chechishanu chaJohane, icho chakapihwa kwatiri sezvizvi —

16 Tichitaura nezvekumuka kwevakafa, maererano neavo “vachanzwa izwi ^breMwanakomana weMunhu;

17 Vachauya mberi; avo vakaita “zvakanaka, ^bmukumuka kuvakafa ^ckwevakarurama; uye avo vakaita zvakaipa, mukumuka kuvakafa kwevasina kururama.

18 Zvino izvi zvakaita kuti tishamiswe, nokuti zvakapihwa kwatiri neMweya.

19 Uye tichiri “kufunga pamusoro pezvinhu izvi, Ishe vakaba-

9a NKM Ungwaru.
 b NKM Kunzwisisa.
 c Isa. 29:14;
 2 Ni. 9:28–29.
 10a Moro. 10:5.
 b NKM Zvakazarurwa;
 Uchapupu.
 c NKM Simba.
 d Isa. 64:4;
 I VaKori. 2:9;

3 Ni. 17:15–17;
 D&Z 76:114–116.
 11a Zvaka. 1:10.
 12a NKM Kushandurwa.
 b D&Z 110:1; 137:1;
 138:11, 29.
 13a Mos. 4:2.
 14a D&Z 109:57.
 b NKM Kuratidzwa
 (Chiratidzo).

15a NKM Dudziro
 yaJoseph Smith (DJS).
 16a Joh. 5:28.
 b NKM Mwanakomana
 weMunhu.
 17a NKM Mabasa.
 b NKM Kumuka
 Kuvakafa.
 c Mabasa 24:15.
 19a NKM Fungisisa.

ta maziso ekunzwisisa kwedu uye akazururwa, uye kubwinya kwaIshe kwaratidza kukatenderedza kwose.

20 Uye takaona “kubwinya kweMwanakomana, ^bkurudyi ‘rwaBaba, uye tikagashira kuzara kwake;

21 Uye tikaona “ngirozi tsvene, uye neavo ^bvakacheneswa pamberi pechigaru chavo, ‘vachinamata Mwari neGwayana, avo vanomunamata nariini nariini.

22 Uye zvino, mushure meuchapupu hwakawanda hwakapihwa pamusoro pake, uhu ndihwo “uchapupu, hwekupezdisira hwevose, hwatinopa pamusoro pake: Kuti ^bmupenyu!

23 Nokuti “takamuona, kunyangwe kurwudyi ^brwaMwari; uye takanzwa izwi richipupura kuti ndiye ‘Mumwechete Akaberekwa waBaba—

24 Kuti “naiye, uye kuburikidza naiye, muna iye, ^bnyika dziripo, uye dzakasikwa, uye nevagari vemo ‘vanakomana nevanasikana vakaberekwa kuna Mwari.

25 Uye izvi takazvionawo, uye tinopupura, kuti “ngirozi

yaMwari iyo yakange ichtu-ngamira pamberi paMwari, iyo yakapandukira Mumwechete Akaberekwa uyo aidiwa naBaba uye aive muchipfuva chaBaba, yakakandwa pasi kubva pamberi paMwari uye neMwanakomana.

26 Uye ikadaidzwa kunzi Kuraswa. Nokuti matenga akamuchema— aiva “Rusifa mwanakomana wemangwanani.

27 Uye takaona, uye onai, apunzika! “Apunzika, kunyangwe mwanakomana wamangwanani!

28 Uye tichiri mumweya kudaro, Ishe vakatiraira kuti tinyore chiratidzo ichi; nokuti takaona Satani, iye “nyoka yakare, kana ^bdhiabhorosi, ‘akapandukira Mwari uye akatsvaka kutora umambo hwaMwari vedu naKristu wake—

29 Nokudaro, anoita “hondo nevatendi vaMwari, uye anovakomberedza.

30 Uye takaona chiratidzo chekutambudzika kweavo vakaita hondo navo akavakunda, nokuti uku ndikokuuya kwakaita izwi raIshe kwatiri;

20a NKM Jesu Kristu—
Kubwinya kwaJesu Kristu.
b Mabasa 7:56.
c NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Baba.
21a Mat. 25:31; D&Z 130:6–7; 136:37.
b NKM Kutsveneswa.
c NKM Kunamata.
22a NKM Uchapupu.
b D&Z 20:17.
23a NKM Jesu Kristu—
Kuwonekwa

kwaKristu mushure mekufa.
b NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Baba.
c Joh. 1:14.
NKM Mumwechete Akaberekwa.
24a VaH. 1:1–3; 3 Ni. 9:15; D&Z 14:9; 93:8–10.
b Mos. 1:31–33; 7:30.
NKM Sika.
c Mabasa 17:28, 29; VaH. 12:9;

NKM Vanakomana neVanasikana vaMwari.
25a D&Z 29:36–39; Mos. 4:1–4.
NKM Dhiabhorosi.
26a Isa. 14:12–17.
NKM Rusifa.
27a Ruka 10:18.
28a Zvaka. 12:9.
b NKM Dhiabhorosi.
c NKM Hondo Kudenga.
29a Zvaka. 13:7; 2 Ni. 2:18; 28:19–23.

31 Vanodaro Ishe maererano neavo vose vanoziwa simba rangungu, uye vakaitwa kuti vavewo naro, uye vakazvibvumira kuburikidza nesimba radhiabhorosi kuti “vakundwe. Uye nokuramba chokwadi uye nokuramba simba rangungu —

32 Ivavo ndivo “vanakomana^b vekuraswa, avo vandinoti zviringadai zvirinani kwavari dai vasina kuzvarwa;

33 Nokuti midziyo yehasha, vakashurikidzirwa kutambudzwa nehasha dzaMwari, pamwechete nadhiabhorosi nengirozi dzake nokusingaperi;

34 Pamusoro peavo vandataura havana “ruregerero munyika ino kana munyika ichuaya —

35 “Varamba Mweya Mutsvene mushure mekuugashira, uye varamba Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa waBaba, uye^b vamurovera pachavo uye vakamunyadzisa pachena.

36 Ava ndivo vachaenda kunopinda “mudziva remoto nesuriferi nadhiabhorosi nengirozi dzake —

37 Uye ndivo chete vachakurirwa “nerufu rwechipiri.

38 Hongu, zvirokwazvo, ndivo “chete vasingazodzikinurwa nguva yakwana yaIshe, mushure mekutambudzwa nehasha dzavo.

39 Nokuti vamwe vose “vachaunzwa^b nekumutswa kwevakafa, kuburikidza nokukunda nokubwinya “kweGwayana, uyo akauraiwa, uyo akange ari pachipfuwa chaBaba nyika dzisati dzaitwa.

40 Uye iri ndiro “vhangeri, mashoko anofadza ayo akapurwa kwatiri nezwi rematenga —

41 Kutikauya munyika, kunyangwe Jesu, kuti “azoroverwa pamusoro penyika uye kuti^b atakure zvitadzo “zvenyika, uye^a nokuchenesa nyika, uye “nokuisuka kubva kune kwose kusarurama;

42 Kutikuburikidza nemaari, vose “vangaponeswe avo vakanga vaiswa naBaba musimbavavo uye vavakasika kuburikidza naye;

43 Anokudza Baba, uye achiponesa ose mabasa emaoko avo, kunze kweavo vanakomana vekuraswa vanoramba Mwa-

31a NKM Kurasika Pachitendero.
32a NKM Vanakomana veKuraswa.
b D&Z 76:26; Mos. 5:22-26.
34a Mat. 12:31-32. NKM Regerera.
35a II Pet. 2:20-22; Aruma 39:6. NKM Chitadzo Chisingaregererwe.
b VaH. 6:4-6; I Ni. 19:7; D&Z 132:27.

36a Zvaka. 19:20; 20:10; 21:8; 2 Ni. 9:16; 28:23; Aruma 12:16-18; D&Z 63:17.
37a NKM Rufu, rweMweya.
38a NKM Vanakomana veKuraswa.
39a NEMAMWE MAZWI kununurwa; onandima 38. Vose vachamutswa kuvakafa. Ona Aruma 11:41-45.

NKM Kumutsa.
b NKM Kumuka Kuvakafa.
c NKM Jesu Kristu.
40a 3 Ni. 27:13-22. NKM Vhangeri; Hurongwa hweRununuro.
41a NKM Kurovera.
b Isa. 53:4-12; VaH. 9:28.
c I Joh. 2:1-2.
d NKM Kutsveneswa.
e NKM Akinunura.
42a NKM Ruponeso.

nakomana mushure mekunge Baba vamuratidza.

44 Nokudaro, anoponesa vose kusara kweavo—vachaenda “mukurangwa ^bkusingaperi, uko kurangwa kusinamagumo, uko kurangwa kwokusingaperi, vachitonga vaina “dhiabhorosi nengirozi dzake kwekusingaperi, uko “honye yavo kwaisingafe, uye moto wacho haudzimwe, kunove ndiko kurwadziwa kwavo.

45 Uye “kuguma kwacho, kana nzvimbo yacho kana kurwadziwa kwavo, hakuna munhu anoziva;

46 Hazvina kumboratidzwa, hazviratidzwe, uye hazvichazoratidzwa kumunhu, kunze kwekune avo vakaitwa kuti vavemo;

47 Zvisinei, ini Ishe, ndinozviratidza kuburikidza nemuchiratidzo kune vazhinji, asi pakarepo ndobva ndachipfiga zvakare;

48 Nokudaro, magumo, hupamhi, kureba, “hudzami, uye nokusuwa kwacho, havanzwisise, kana ani zvake munhu kunze kweavo ^bvakagadzirwa “mukutongwa uku.

49 Uye takanzwa izwi, richiti: Nyorai chiratidzo ichi, nokuti onai, uko ndiko kupera kwechiratidzo chekutambudzika kwevasina humwari.

50 Uye zvakare tinopupura—nokuti takaona tikanzwa, uye uhwu ndihwo “uchapupu hwevhangeri raKristu pamusoro peavo vachauya mukumuka kuvakafa ^bkwevakarurama—

51 Ndivo vakagashira uchapupu hwaJesu, uye “vakatenda muzita rake uye ^bvakabhabhatidzwa “netsika yekuvigwa kwake, “vachivigwa mumvura muzita rake, uye izvi zvirimaererano nemurairo waakapa—

52 Kuti nekuchengeta mirairo “vangagezwe uye ^bnokucheneswa zvitadzo zvavo, nokugashira Mweya Mutsvene nekugadzwa “maoko neuyo ^aakagadzwa uye akasimbiswa “musimba iri.

53 Uye avo vanokunda nerutendo, uye vari “vakasimbiswa neMweya ^bMutsvene weruimbiso, uyo Baba wavanofemera kune vose avo vakarurama uye vari pachokwadi.

54 Ava ndivo yaya vanove chechi “yeDangwe.

44a NKM Kuraswa.
b D&Z 19:6–12.
c NKM Dhiabhorosi.
d Isa. 66:24;
Marko 9:43–48.
45a D&Z 29:28–29.
48a Zvaka. 20:1.
b NEMAMWE MAZWI
kutongerwa,
kutumirwa.
c Aruma 42:22.
50a NKM Uchapupu.
b NKM Kumuka

Kuvakafa.
51a D&Z 20:25–27, 37.
b NKM Bhabhatidza.
c D&Z 128:13.
d VaR. 6:3–5.
NKM Bhabhatidza—
Rubhabhatidzo
nokunyudzwa.
52a 2 Ni. 9:23;
Moro. 8:25–26.
b NKM Chakachena.
c NKM Chipoch
cheMweya

Mutsvene; Maoko,
Kugadzwa kwe.
d NKM Gadza.
e NKM Mvumo.
53a NKM Kusunga.
b VaE. 1:13;
D&Z 88:3–5.
NKM Mweya
Mutsvene
weChivimbiso.
54a VaH. 12:23;
D&Z 93:21–22.
NKM Dangwe.

55 Ndivo vaye vakapihwa “zvose zvinhu mumaoko avo naBaba.

56 Ndivo ivava vave “vapirisi-ta nemadzimambo, vakagashira kuzara kwavo, uye nokubwinya kwavo;

57 Uye “vapirisi-ta vehurongwa Hwepamusoro-soro hwaMerkezedeke, hwakanga huri muhurongwa ^bhwaEnoki, hwakanga huri ^churongwa hweMwanakomana Mumwechete Akaberekwa.

58 Nokudaro, sekunyorwa kwazvakaita, ndivana “mwari, kunyangwe ^bvanakomana ^cvaMwari—

59 Nokudaro, “zvose zvinhu ndezvavo, zvingave upenyu kana rufu, kana zvinhu zviripo, kana zvinhu zvichauya, zvose ndezvavo uye ndezvaKristu, uye Kristu ndewaMwari.

60 Uye ^avachakunda zvinhu zvose.

61 Nokudaro musarege mu-

nhu “achivimba nemunhu, asi ^bavimbe zvake muna Mwari, avo ^cvachakurira vose vavengi pasi petsoka dzavo.

62 Ivava ^avachagara ^bpamberi paMwari uye naKristu wavo nariini nariini.

63 Ivava “ndivo vaachauya navo, ^bpaachauya mumakore ekudenga ^ckuzotonga pasi pamusoro pevanhu vake.

64 Ndivo ivava vachave mukumuka kuvakafa “kwekutanga.

65 Ndivo vachauya “mukumuka kuvakafa kwekururama.

66 Ndivo ivava vanouya “kuGomo ^breZioni, uye nemuguta raMwari mupenyu, nzvimbo yekudenga tsvene kupfuura dzose.

67 Ndivo ivava vauya kugungano rengirozi dzisingavere-ngeke, kugungano revose uye nechechi “yaEnoki, uye ^bneredangwe.

68 Ndivo ivava vane mazita ^aakanyorwa kudenga, uko

55a II Pet. 1:3–4;
D&Z 50:26–28;
84:35–38.

56a Eks. 19:6;
Zvaka. 1:5–6; 20:6.

57a nkm Mupirisi-ta,
Hupirisi-ta
hwaMerkizedeki.

b Gen. 5:21–24.
nkm Enoki.

c D&Z 107:1–4.

58a Mpi. 82:1, 6;
Joh. 10:34–36.

nkm Munhu—
Munhu, Kugona
kuve saBaba
Vekudenga.

b nkm Vanakomana
neVanasikana
vaMwari.

c D&Z 121:32.

nkm Mwari, Musoro
hwehuMwari.

59a Ruka 12:42–44;

3 Ni. 28:10;

D&Z 84:36–38.

60a Zvaka. 3:5; 21:7.

61a Joh. 5:41–44;

I VaKori. 3:21–23.

b 2 Ni. 33:6;

Aruma 26:11–16.

nkm Kubwinya.

c D&Z 49:6.

62a Mpi. 15:1–3; 24:3–4;

1 Ni. 15:33–34;

Mos. 6:57.

b D&Z 130:7.

nkm Upenyu
Hwokusingaperi.

63a D&Z 88:96–98.

nkm Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

b Mat. 24:30.

c D&Z 58:22.

nkm Jesu Kristu—

Kutonga paMereniari
kwaKristu.

64a Zvaka. 20:6.

65a nkm Kumuka

Kuvakafa.

66a Isa. 24:23;

VaH. 12:22–24;

Zvaka. 14:1;

D&Z 84:2; 133:56.

b nkm Zioni.

67a D&Z 45:9–12.

b VaH. 12:23;

D&Z 76:53–54.

nkm Dangwe.

68a nkm Bhuku

reUpenyu.

Mwari naKristu ndivo ^bvatongi vevose.

69 Ivava ndivo vaye vanova vanhu “vakarurama vakaitwa ^bvakakwana kuburikidza na-Jesu munyai “wechibvumirano chitsva, uyu wakashanda urwu “rudzikinuro rwakakwana kuburikidza nekudeura “ropa rake.

70 Ndivo ivava vane miviri “yeseresitiyaro, uye ^bkubwinya kwavo kuri uko “kwezuva kana kubwinya kwaMwari vari pamusoro-soro pavo vose, kubwinya kwacho kunonyorwa kuchienzaniswa nekubwinya kunoita zuva muhudzikwa.

71 Uye zvakare, takaona nyika “yeteresitiyaro, uye tarisai, uye onai ava ndivo vemuteresitiyaro, vane kubwinya kwakasiyana neuko kwechечи yeDangwe avo vakagashira kuzara kwaBaba, kunyangwe sekusiyana kwakaita ^bkwemwedzi nekwezuva muhudzikwa.

72 Tarisai, ivava ndivo vakafa “vasina ^bmutemo;

73 Uyewo avo vanove “mweya yevanhu yachengetedzwa ^bmutirongo, avo vakashanyirwa neMwanakomana, uye “akaparidza “vhangeri kwavari kuti vagotongwa maererano nevanhu munyama.

74 Vasina kugashira “uchapupu hwaJesusu munyama, asi musure vakazohugashira.

75 Ivava ndivo vanhu vanoremekedzwa vemunyika, vakanga vakapofomadzwa nekunyengedza kwevanhu.

76 Ivava ndivo vanogashira kubwinya kwake, asi kwete kuzara kwakwe.

77 Ivava ndivo vanogashira nokuve pamberi peMwanakomana, asi kwete nokuzara kwaBaba.

78 Nokudaro, “miviri yeteresitiyaro, uye kwete miviri yeseresitiyaro, uye zvakasiyana mukubwinya sekusiyana kwakaita mwedzi nezuva.

79 Ivava ndivo vasina “kushinga muuchapupu hwaJesusu, nokudaro, havawane korona muumambo hwaMwari.

80 Uye zvino uko ndikokupeera kwechiratidzo chatakaona cheteresitiyaro, icho Ishe chavakatiudza kuti tinyore tichiri muMweya.

81 Uye zvakare, takaona kubwinya “kwetiresitiyaro, kubwinya kwacho kuri kushoma, kunyangwe sekusiyana kwakaita kubwinya kwenyenyedzi nokubwinya kwemwedzi muhudzikwa.

68b NKM Jesu Kristu—Mutongi.

69a D&Z 129:3; 138:12.

b Moro. 10:32-33.

c NKM Chibvumirano

Chitsva uye

Chisingaperi.

d NKM Dzikinura.

e NKM Ropa.

70a D&Z 88:28-29;

131:1-4; 137:7-10.

NKM Kubwinya

kweSeresitiyaro.

b D&Z 137:1-4.

c Mat. 13:43.

71a D&Z 88:30.

NKM Kubwinya

kweTiresitiyaro.

b I VaKori. 15:40-41.

72a D&Z 137:7, 9.

b NKM Mutemo.

73a Aruma 40:11-14.

NKM Mweya.

b D&Z 88:99; 138:8.

NKM Gehena;

Ruponeso

rweVakafa.

c I Pet. 3:19-20; 4:6;

D&Z 138:28-37.

d NKM Vhangeri.

74a NKM Uchapupu.

78a I VaKori. 15:40-42.

79a D&Z 56:16.

81a D&Z 88:31.

NKM Kubwinya

kweTeresitiyaro.

82 Ivava ndivo vasina kugashira vhangeri raKristu, kana “uchapupu hwaJesu.

83 Ivava ndivo vasingarambe Mweya Mutsvene.

84 Ivava ndivo vanokandwa pasi “kugehena.

85 Ivava ndivo vasinganunurwe kubva kuna “dhiabhorosi kudakara kumuka kuvakafa ^bkwekapedzisira, kudakara Ishe, kunyangwe Kristu ‘Gwayana, vachinge vapedza basa ravo.

86 Ivava ndivo vasingagashire kuzara kwake munyika yokusingapere, asi kweMweya Mutsvene kuburikidza nehushumiri hwetiresitiyaro;

87 Uye teresitiyaro kuburikidza “nehushumiri kweseresitiyaro.

88 Uyezve yetiresitiyaro zvinogashira nokuropafadzwa kwengirozi dzakaidomwa kuti dzishumire kwavari, kana kuti dzakadomwa kuti dzive mweya inoshumira kwavari; nokuti vachave vagari venhaka yeruponeso.

89 Uye ndikokuona kwatakaita, muchiratidzo chekudenga, kubwinya kwetiresitiyaro, kunopfuura kwose kunzwisisa.

90 Uye hakuna munhu anoziwa kunze kweuyo akazviratidzwa naMwari.

91 Uye ndikokuona kwatakaita kubwinya kweteresitiyaro kunopfuura muzvinhu zvose, ku-

nyangwe kubwinya kwetiresitiyaro mukubwinya, nemusimba, nemuhukuru nemuhutongi.

92 Uye ndikokuona kubwinya kweseresitiyaro. Uko kunokunda muzvinhu zvose— uko Mwari, kunyangwe Baba, vanotonga vari pachigaro chavo nariini nariini;

93 Pamberi pechigaro chavo zvose zvinokotama “murukudzo rwakapfava, uye zvichivapa kubwinya nariini nariini.

94 Avo vanogara “pamberi pake ndevechechi ^byeDangwe; uye vanoona sekuonekwa kwavanoitwa, uye ‘vagoziva sekuzivikanwa kwavanoitwa, vari vakagashira kuzara kwake uye ^dnyenasha dzake.

95 Uye anovaita kuti “vaenzane musimba, uye nemuhukuru, nemukutonga.

96 Uye kubwinya kweseresitiyaro kumwe, kunyangwe sekubwinya “kwezuva kuri kumwe.

97 Uye kubwinya kweteresitiyaro kumwe, kunyangwe sekubwinya kwemwedzi kuri kumwe.

98 Uye kubwinya kwetiresitiyaro kumwe, kunyangwe sekubwinya kwenyenyedzi kuri kumwe, nokuti sekusiyana kunoita imwe nyenyedzi neimwe mukubwinya, kunyangwe saizvozvo mumwe anosiyana nemumwe mukubwinya munyika yetiresitiyaro;

82a D&Z 138:21.

84a 2 Ni. 9:12;

Aruma 12:11.

NKM Gehena.

85a NKM Dhiabhorosi.

b Aruma 11:41;

D&Z 43:18;

88:100–101.

c NKM Gwayana
raMwari.

87a D&Z 138:37.

93a NKM Ruremekedzo.

94a D&Z 130:7.

b NKM Dangwe.

c I VaKori. 13:12.

d NKM Nyasha.

95a D&Z 29:13; 78:5–7;

84:38; 88:107; 132:20.

96a I VaKori. 15:40–41.

99 Nokuti ivava ndivovaye vanove ^avaPauro, uye neva-Apoulos, uye nevaKefasi.

100 Ivava ndivovanoti tiri vanhingi vamwe vachiti tiri vanhingi—vamwe vaKristu vamwe vaJohane, uye vamwe uye vaMosesi, uye vamwe vaEria, uye vamwe vaIsayasi, uye vamwe vaIsaya, uye vamwe vaEnoki;

101 Asi vasina kugashira vhangeri, kana uchapupu hwa-Jesu, kana maporofita, kana chibvumirano ^achisingaperi.

102 Chokupedzisira kune zvose, ava vose ndivo vaye vasingazoungana nevatendi, ^akundogashirwa ^bmuchechi yeDangwe, uye vagogashirwa mugore.

103 Ava ^andivovanonyepa, ndeve mapipi, uye ^bnemhombwe, uye nepfambi, uye ani zvake anoda nekuita nhema.

104 Ivava ndivovanotambudzika ^anehasha dzaMwari pano pasi.

105 Ivava ndivovanotambudzika ^anokutsividzwa nemoto wekusingaperi.

106 Ivava ndivovanokandwa pasi ^akugehena uye ^bvagotambudzika nehasha ^cdzaSamasimba Mwari, kudakara ^dkuzara kwenguva, apo Kristu anenge ^eakurira vose vavengi vave pasi

petsoka dzake, uye ^fakwanisa basa rake;

107 Apo paachaunza umambo, uye agohuraidza kuna Baba husina kana kavara, achiti: Ndakakunda uye ^andikatsikatsika ^bchisvino chewaini ndega, kunyangwe chisvino chewaini chekutyisa kwehasha dzaSamasimba Mwari.

108 Zvino ndipo paachapfekedzwa korona yekubwinya kwake. Kuti agare ^apachigaro chesimba rake kuti atonge nariini nariini.

109 Asi tarisai, uye onai, takona kubwinya uye nevagari vemunyika yetiresitiyaro, kuti vakanga vakawanda vasingaverengeke senyeredzi dziri muhudzikwa hwedenga, kana sejecha riri kumahombekombe kwegungwa;

110 Uye tikanzwa izwi raIshe richiti: Ava vose vachapfugama mabvi, uye ndimi dzose ^adzi-chareurura kwavari avo vagere pachigaro nariini nariini;

111 Nokuti vachatongwa marerano nemabasa avo, uye wose munhu achatambira marerano ^anemabasa ake, nechinzvimbo chake, ^bmudzimba dzakagadzirwa;

112 Uye vachave varanda

99a I VaKori. 3:4–7, 22.

101a NKM Chibvumirano Chitsva uye Chisingaperi.

102a I VaT. 4:16–17; D&Z 88:96–98. ^bD&Z 78:21.

103a Zvaka. 21:8; D&Z 63:17–18. NKM Kunyepa. ^bNKM Hupombwe.

104a NKM Kuraswa.

105a Jud. 1:7.

106a NKM Gehena. ^bD&Z 19:3–20. ^cD&Z 87:6. ^dVaE. 1:10. ^eI VaKori. 15:24–28. ^fVaH. 10:14.

107a Zvaka. 19:15; D&Z 88:106; 133:46–53.

^bGen. 49:10–12; Isa. 63:1–3.

108a D&Z 137:3.

110a VaF. 2:9–11; Mosaya 27:31.

111a Zvaka. 20:12–13. NKM Mabasa.

^bJoh. 14:2; D&Z 59:2; 81:6.

vewePamusoro-soro; asi ^auko ^bkugere Mwari naKristu havangakuuye, nyika dzisingagume.

113 Uku ndikokuguma kwechiratidzo chatakaona, icho chatarairwa kuti tinyore tichiri muMweya.

114 Asi ^amakuru uye anoshamisa mabasa aIshe, uye ^bnezvakavanzika zveumambo hwavo zvavakaraidza kwatiri, zvinopfuura kwose kunzwisisa mukubwinya, uye nomumasimba, uye nemuhutongi;

115 Izvo zvavakatiraira kuti tisanyore patakanga tichiri muMweya, uye zvisiri ^amumute-mo kuti munhu azvitaure;

116 Kana munhu ^ahaakwanise

kuita kuti zvizivikanwe, noku-ti zvinoda kuwonekwa chete uye ^bnokunzwisiswa nesimba reMweya Mutsvene, iro rinoiswa naMwari pane avo vanovada, uye vachizvichenesa pamberipavo;

117 Kune avo vavanopa mukana wekuona nekuzvizivira pachavo;

118 Kuti kuburikidza nesimba nekubuda pachena kweMweya, vari munyama, vanozogona kukwanisa kuve pavari munyika yekubwinya.

119 Uye kuna Mwari uye neGwayana ngakuve nekurumbidzwa, nerukudzo, uye nohukuru nariini nariini. Amen.

CHIKAMU 77

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio, muna Kurume 1832 (History of the Church, 1:253–255). Muporofita akanyora, “Maererano nenyaya yekududzira Magwaro matsvene, ndakagashira kutsanangura kunotevera kweZvakazarurwa zveMutendi Johane” (History of the Church, 1:253).

1–4, Mhuka dzine mweya uye dzichagara mukufara kwokusingaperi munyika yokusingaperi; 5–7, Nyika ino ine guva inoguma yekuvepo yezviuru zvinomwe zve-makore; 8–10, Ngirozi dzakasiyana-siyana dzinodzorerera vhangeri pakare uye dzichishumira panyika; 11, Kusimbiswa kwevane zana nemakumi mana ane mana ezviuru; 12–14, Kristu anouya mukutanga kwechiuru chechinomwe chema-

kore; 15, Maporofita vaviri vachamutswa murudzi rwemaJuda.

MUBVUNZO. Chiiko chinotaurwa naJohane, muchitsauko chechina, uye nemundima yechitanhatu muna Zvakazarurwa?

MHINDURO. ^bInyika, yacheneswa, isisafe, uye yave ‘yokusingaperi.

2 MUBVUNZO. Chii chatino-

112 aD&Z 29:29.
b Zvaka. 21:23–27.

114 aZvaka. 15:3;
Morm. 9:16–18;
Mos. 1:3–5.
b Jak. 4:8.

115 aII VaKori. 12:4.
116 a3 Ni. 17:15–17;
19:32–34.
b I VaKori. 2:10–12.
77 1a D&Z 130:6–9.
b D&Z 88:17–20, 25–26.

c NKM Pasi—Mamiriro ekupedzisira epasi pano; Kubwinya kweSeresitiyaro.

fanira kunzwisisa nezvemhuka ina, dzinotaurwa mundima imwecheteyo?

MHINDURO. “Mifananidzo inoshandiswa mukutaura. Yakashandiswa neMuzaruri Johane, mukutsanangura ^bdenga, ‘paradhiso yaMwari, ^arufaro rwemunhu, uye nekwemhuka, uye nekwezvinhu zvinokambaira, uye nekweshiri dzemudeंगा; icho chemweya chiri chinofananidzwa neicho cheniyama; uye icho cheniyama chichifananidzwa nechecho chemweya, ‘mweya wemunhu uchifananidzwa nezvaari, zvimwechetezvo nemweya ^fwemhuka, uye nechimwe chose chisikwa chakasiywa naMwari.

3 MUBVUNZO. Mhuka ina idzi dzakangozvimirira idzo chete here, kana kuti dzakamirira zvikiwata kana marongerwo?

MHINDURO. Dzinongove mhuka ina idzodzo, idzo dzakaraidzwa Johane, kuti dzimirire hukuru hwemapoka ezvisikwa muhurongwa kana kuti “nzvimbo dzakatarwa dzekusikwa kwadzo, mukunakirwa kwadzo ^bmurufaro rwadzo kwokusingaperi.

4 MUBVUNZO. Chii chatinofanira kunzwisisa nemaziso nemapapiro, aive nemhuka idzi?

MHINDURO. Maziso adzo akamirira chiedza “neruzivo,

kureva kuti, dzizere neruzivo; uye mapapiro adzo anomirira ^bsimba rekufamba, nekuita, nezvimwe zvakadaro.

5 MUBVUNZO. Chii chatinofanira kunzwisisa “nezvemagosa mana nemakumi maviri, akaturwa naJohane?

MHINDURO. Tinofanira kuziva kuti magosa aya akaonekwa naJohane, magosa akanga ^bakatendeka mubasa rehushumiri uye vari vakafa; vakanga vari chechi ‘nomwe, uye vakange zvino vave muparadiso yaMwari.

6 MUBVUNZO. Chii chatinofanira kuziva nezvebhuku iro rakaonekwa naJohane, iro rakanga “rakanamwa nezvidzivo zvinomwe?

MHINDURO. Tinofanira kuziva kuti rine chido chakazarurwa, ^bzvakananzika, uye nemabasa aMwari; zvinhu zvakananzika zvehurongwa hwake huri mae-rerano nepasi pano munguva yezviuru zvinomwe zvemakore iripa ‘nyika, kana kuti nguva yekuve pano kwayo.

7 MUBVUNZO. Chii chatinofanira kuziva pamusoro pezvidziwo zvinomwe zvarakanamwa nazvo?

MHINDURO. Tinofanira kuziva kuti chidziwo chekutanga chine zvinhu “zvechiuru chekutanga chemakore, uye chechi-

2a NKM Zvemucherechedzo.

b NKM Denga.

c NKM Paradiso.

d NKM Rufaro.

e Eta 3:15-16;

Abr. 5:7-8.

NKM Mweya.

f Mos. 3:19.

3a D&Z 93:30; Mos. 3:9.

b D&Z 93:33-34.

4a NKM Ruzivo.

b NKM Simba.

5a Zvaka. 4:4, 10.

b Zvaka. 14:4-5.

c Zvaka. 1:4.

6a Zvaka. 5:1.

b NKM Zvakavandika zvaMwari.

c NKM Pasi.

7a D&Z 88:108-110.

piri naichowo chine zvinhu zvechiuru chemakore chechipiri, zvichidaro kudakara mune chechinomwe.

8 MUBVUNZO. Chii chatinofanira kuziva nezvengirozi ina, idzo dzinotaurwa muchitsauko chechinomwe uye mundima yekutanga yeZvakazarurwa?

MHINDURO. Tinofanira kuziva kuti ingirozi ina dzakatumwa kubva kuna Mwari, dziri idzo dzakapihwa simba pamusoro pemativi mana enyika, kuchengeta upenyu uye noku-paradza; idzodzi ndidzo dzine vhangeri “risingaperi rekuparidzirwa kumarudzi ose, nema-dzinza, nendimi, nevanhu, dziine simba rekuzarira mate-nga, kudzika mhiko muupe-nyu, kana kukanda pasi ^bkumatunhu erima.

9 MUBVUNZO. Chii chatinofanira kuziva nezvengirozi iri kukwira kubva kumabvazuva, chitsauko chechinomwe cheZvakazarurwa ndima yechipiri?

MHINDURO. Tinofanira kuziva kuti ngirozi iri kukwira ichibva nechekumabvazuva, ndiyo inopihwa chisimbiso chaMwari vapenyu pamusoro pamarudzi gumi nemaviri “eIsraeri; nokudaro, inodaidzira kungirozi ina dzine vhangeri rekusingaperi, ichiti: Musarwadzise nyika, kana gungwa, kana miti, kudakara taisa chisimbiso pavaranda vaMwari

vedu, ^bpamhanza dzavo. Uye kana muchida kuzvigashira, ndiye “Eria aizouya kuzounganidza pamwechete marudzi aIsraeri uye “nokudzorera pa-kare zvose zvinhu.

10 MUBVUNZO. Inguva ipi ichaitika zvinhu zviri kutaurwa muchitsauko chino?

MHINDURO. Zvichaitika mugore rechiuru “chечitanhatu, kana kuti mukuzururwa kwechidziwo chechitanhatu.

11 MUBVUNZO. Chii chatinofanira kuziva nezvechisimbiso chakaiswa “pazana nezviuru zvine makumi mana nemana kubva kumarudzi ose aIsraeri, zviuru gumi nezviviri kubva kurudzi rwega-rwega?

MHINDURO. Tinofanira kuziva kuti avo vanosimbiswa vapirisita ^bvepamusoro, hutsvene hwaMwari, kuparidza vhangeri risingaperi, nokuti ivava ndivovanogadzwa kubva mumarudzi ose, nemadzinza, nendimi, uye nevanhu, nengirozi idzo dzinopihwa simba pamusoro pamarudzi epanyika, kuunza vose vanouya kuchechei “yeDangwe.

12 MUBVUNZO. Chii chatinofanira kuziva nezvekuridzwa “kwehwamanda, iyo inotaurwa muchitsauko chesere cheZvakazarurwa?

MHINDURO. Tinofanira kuziva kuti sezvo Mwari vakaita nyika mumazuva matanhatu, uye muzuva rechinomwe vaka-

8a Zvaka. 14:6-7.

b Mat. 8:11-12; 22:1-14; D&Z 133:71-73.

9a Zvaka. 7:4-8.

b Ezk. 9:4.

c NKM Eria.

d NKM Kudzorera pakare kweVhangeri.

10a Zvaka. 6:12-17.

11a Zvaka. 14:3-5.

b NKM Mupirisita wePamusoro.

c D&Z 76:51-70.

NKM Dangwe.

12a Zvaka. 8:2.

pedza basa ravo, uye vakariita
^bdzvene, uyewo vakaita munhu
 kubva ‘muvhu renyika, kana
 saizvozvo, mukutanga kwechi-
 uru chemakore chechinomwe
 ndipo Ishe Mwari pavachaita
 nyika kuti ive ^d‘tsvene, uye no-
 kupedzisa ruponeso rwevanhu,
 uye ^e‘kutonga zvinhu zvose,
^fagodzikinura zvinhu zvose, ku-
 nze kwechocho chavanenge
 vasina kuisa musimba ravo,
 apo pavanenge vasimbisa zvose
 zvinhu, mukupera kwezvinhu
 zvose; uye nokuridzwa
 kwehwamanda dzengirozi no-
 mwe ndikokugadzirira uye
 nokupedzisa kwebasa ravo,
 mukutanga kwechiuru chema-
 kore chechinomwe—kugadziri-
 rwa kwenzira nguva yekuuya
 kwavo isati yasvika.

13 MUBVUNZO. Zvinhu izvi
 zvichaitika riini zvanyorwa
 muchitsauko chepfumbamwe
 cheZvakazarurwa?

MHINDURO. Zvichaitika mu-
 shure mekuzururwa kwechi-

dziwo chechinomwe, Kristu
 asati auya.

14 MUBVUNZO. Chii chati-
 nofanira kuziva nezvekabhuku
 kadiki “kakadyiwa naJohane,
 sekutaurwa kwazvakaitwa
 muchitsauko chegumi cheZva-
 kazarurwa?

MHINDURO. Tinofanira kuzi-
 va kuti raive basa, nechisungo,
 kuti iye ^baunganidze marudzi
 aIsraeri; tarisai, uyu ndiEria,
 uyo sekunyorwa kwazvakai-
 twa, anofanira kuuya ‘kuzo-
 dzorerera pakare zvose zvinhu.

15 MUBVUNZO. Chii chinofa-
 nirwa kuzivikanwa “nevapupuri
 vaviri muchitsauko Chegumi ne-
 imwechete cheZvakazarurwa?

MHINDURO. Pane vaporofita
 vaviri vachamutswa kurudzi
^brwemaJuda mumazuva ‘ekupe-
 dzisira, munguva ^dyekudzore-
 rwa pakare, uye nokuporofita
 kumaJuda mushure mekunge
 vaunganidzwa uye vavaka guta
 reJerusarema ‘munyika yema-
 dzibaba avo.

CHIKAMU 78

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio, Kurume 1832 (History of the Church, 1:255–257). Hurongwa hwakapihwa naIshe kuna Joseph Smith nechinangwa chekumisa imba yekuchengetera kuitira varombo. Zvakanga zvaisina kufanira kuti panguva dzose mazita evanhu vaitaurwa navo naIshe mune zvakazarurwa, azivikanwe nenyika; saka, mukushambadzwa kwechino uye nezvakazarurwa vakatevera, hama dzakasheedzwa vakataurwa nema-

12b Gen. 2:1–3;
 Eks. 20:11; 31:12–17;
 Mosaya 13:16–19;
 Mos. 3:1–3;
 Abr. 5:1–3.
 c Gen. 2:7.
 d D&Z 88:17–20.
 e NKM Jesu Kristu—

Mutongi.
 f NKM Akanunura.
 14a Ezk. 2:9–10; 3:1–4;
 Zvaka. 10:10.
 b NKM Israeri—
 Kuunganidzwa
 kwa Israeri.
 c Mat. 17:11.

15a Zvaka. 11:1–14.
 b NKM maJuda.
 c NKM Mazuva
 Ekupedzisa.
 d NKM Kudzorerera
 pakare
 kweVhangeri.
 e Amosi 9:14–15.

mwe mazita asiri avo chaiwo. Pazvakanga zvisisina mhosva kuti mazita azivikanwe, mazita avo chaiwo akapihwa akakomberedzwa. Sezvo pasisina nhasi uno chikonzero chekuvanwa mazita, mazita chaiwo zvino ndiwo ave kushandiswa sezvaanopihwa mumagwaro ekutanga.

1-4, *Vatendi vanofanira kuronga kumisa imba yekuchengetera; 5-12, Kungwara pakushandisa midziyo yavo kunokwezvera kuruponeso; 13-14, Chechi yakafanira kuve yakazvimirira kubva kumasimba enyika; 15-16, Mikaeri (Adama) anoshanda ari pasi peMutsvene (Kristu); 17-22, Vakaropafadzwa vakatendeka, nokuti vachagara nhaka yezvinhu zvoose.*

ISHE vakataura kuna Joseph Smith, Mwana, vachiti: Teererai kwandiri, vanodaro Ishe Mwari venyu, imi makagadzwa kuhupirisita “hwepamusoro hwechechi yangu, imi maungana pamwechete;

2 Uye teererai “kuraira kwavo avo ^bvakakugadzai kubva kumusoro, vachatura munzeve dzenyu mazwi eungwaru, kuti ruponeso rwuve kwamuri mune icho chamaisa pamberi pangu, vanodaro Ishe Mwari.

3 Nokuti zvirokwasvo ndinoti kwamuri, nguva yasvika, iye-zvino yave pedyo; uye tarisai, uye onai, kunofanira kuve “nekurongwa kwevanhu vangu, mukufambisa nokumisa nyaya ^bdzemba yekuchengetera ^cvevarombo vevanhu vangu, kwose

munzvimbo ino nemunyika ^ayeZioni—

4 Kuitira kuti hurongwa nechiumbo chichagara chiripo uye chisingaperi kucheche yangu, kusimudzira basa, iro ramazvipira, mukuponeswa kwemunhu, uye nomukubwinya kwa-Baba venyu vari kudenga.

5 Kuti muve “makayenzana muzvisungo zvezvinhu zvekudenga, hongu, uye nemuzvinhu zvepasiwo, kuitira kuti muwane zvinhu zvekudenga.

6 Nokuti kana musina kuenzana muzvinhu zvepasi hamungaenzane mukuwana zvinhu zvekudenga;

7 Nokuti kana muchida kuti ndikupei nzvimbo munyika “yeseresitiyaroro, makafanira ^bkuzvigadzirira “nokuita zvinhu zvakakurairai uye zvandinoda kubva kwamuri.

8 Uye zvino, zvirokwasvo vanodaro Ishe, zvakafanira kuti zvinhu zvoose zviitirwe “kubwinya kwangu, nemi imi makabatana pamwechete ^bmurongwa uhu;

9 Kana kuti nemamwe mazwi, regai muranda wangu Newel K. Whitney uye nemuranda wangu Joseph Smith, Mwana

78 1a NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

2a NKM Rairo.

b NKM Gadza.

3a D&Z 82:11-12, 15-21.

b D&Z 72:9-10; 83:5-6.

c D&Z 42:30-31.

NKM Ruyamuro.

d D&Z 57:1-2.

5a D&Z 49:20.

NKM Gadza, Mutemo weruGadzo.

7a NKM Kubwinya

kweSeresitiyaroro.

b D&Z 29:8; 132:3.

c D&Z 82:10.

8a Mos. 1:39.

b D&Z 92:1.

uye nemuranda wangu Sidney Rigdon vagare dare nevatendi avo varimuZioni;

10 Nokuti “Satani anotsvaka kubvisa mwoyo yavo pachokwadi, kuti vopofomadzwe uye vagotadza kunzwisisa zvinhu zvavakagadzirirwa.

11 Nokudaro, ndinokupai murairo, kuti mugadzirire uye nokuronga pachenyu chisingo kana “chibvumirano chisingaperi icho chisingatyorwe.

12 Uye uyo anochityora acharasikirwa nechinzvimbo chake uye nechimiro chake muchechi, uye achaiswa “mukunetswa naSatani kudakara zuva rerununuro.

13 Tarisai, uku ndikokugadzirira kwandinokugadzirirai nako, uye nehwaro, uye nomufanandzo wandinokupai, uyo uchakubatsirai kuti muzadzikise mirairo yamakapihwa;

14 Kuti kuburikidza neruyamuro rwangu, zvisinei “nematambudziko achawira pamuri, kuti chechi rimire rega pamusoro pezvimwe zvisikwa zvose zviri pasi penyika yeseresitiyaro;

15 Kuti mungakwire kumusoro “kukorona yamakagadzirirwa, uye moitwa ^bvatongi veumambo hwakawanda, vanodaro Ishe Mwari, Mutsvene

veZioni, avo vakamisa hwaro “hweAdama-ondi-Amani;

16 Avo vakadoma “Mikaeri sejinda renyu, uye nokumisa tsoka dzake, uye vakamuisa pamusoro, uye vakapa kwaari makiyi eruponeso pasi pemurairo uye nohutungamiri hwaIvo Mutsvene, avo vasina mavambo emazuva kana magumo eupenyu.

17 Zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, muri vana vadiki, uye hamusati mave kunzwisisa kukura kwemaropafadzo anaBaba mumaoko avo uye akagadzirirwa imi;

18 Uye hamukwanise “kutakura zvinhu zvose iyezvino, zvisinei ivai makafara, nokuti ini ^bndichakutungamirai. Umambo ndehwenyu uye nemaropafadzo arimo ndeenyu, uye neupfumi “hwekusingaperi ndehwenyu.

19 Uye uyo anogashira zvose zvinhu “nokutenda acharopafadzwa; uye zvinhu zvepano pasi zvichapamidzirwa kwaari, kunyangwe zvapaketwa ^bkazana, hongu, kana kupfuura.

20 Nokudaro, itai zvinhu zvandakakurairai, anodaro Mununuri wenyu, kunyangwe Mwanakomana “Amani, uyo anogadzira zvose zvinhu asati ^bakutorai;

21 Nokuti imi muri “chechi

10a NKM Dhiabhorosi.

11a NKM Chibvumirano.

12a I VaKori. 5:5;
D&Z 82:21; 104:8-10.

14a D&Z 58:2-4.

15a NKM Ngundu;
Rusimudzirwo.

^b Zvaka. 5:10;
D&Z 76:56-60; 132:19.

^c NKM Adama-ondi-Amani.

16a D&Z 27:11; 107:54-55.
NKM Adama.

18a Joh. 16:12;
3 Ni. 17:2-3;
D&Z 50:40.

^b D&Z 112:10.
^c NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

19a Mosaya 2:20-21.

NKM Kupakutendo.
^b Mat. 19:29.

20a D&Z 95:17.

^b I VaT. 4:17.

21a D&Z 76:53-54.

yeDangwe, uye ^bachakutorai mugore uye agogovera wose munhu chikamu chake.

22 Uye uyo anenge ari ^amuta-

riri akatendeka uye ^bakangwara achagara nhaka yezvinhu ^czvose. Amenii.

CHIKAMU 79

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio, muna Kurume 1832 (History of the Church, 1:257).

1–4, *Jared Carter anodaidzwa kuti aparidze vhangeri naMunyaradzi.*

ZVIROKWAZVO ndinoti kwamuri, ichido changu kuti muranda wangu Jared Carter anofanira kuenda zvakare kunyika dzekumabvazuva, nzvimbo nenzvimbo, uye guta neguta, musimba ^arekugadzwa kwaakagadzwa nako, kuparidza mashoko akanaka emufaro mukuru, kunyangwe vhangeri rekusingaperi.

2 Uye ndichamutumira paari Mweya ^aMunyaradzi, uyo achamudzidzisa chokwadi uye nenzira yaachaenda nayo;

3 Uye sekutendeseka kwaanenge akaita, ndichamupfekedza zvakare korona yemasvinga.

4 Nokudaro, rega mwoyo wako ufare, muranda wangu Jared Carter, uye ^ausatye, vanodaro Ishe venyu, kunyangwe Jesu Kristu. Amenii.

CHIKAMU 80

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio munaKurume 1832 (History of the Church, 1:257).

1–5, *Stephen Burnett naEden Smith vanodaidzwa kuti vaparidze munzvimbo ipi zvayo yavane-nge vasarudza.*

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe kwauri muranda wangu Stephen Burnett; Enda iwe, enda iwe munyika uye ^aunoparidza vhangeri kuchisikwa chose chinouya pasi pezwi rako.

2 Uye sekuda kwaunoita kuti uve neshamwari, ndichakupa muranda wangu Eden Smith.

3 Nokudaro, endai imi munoparidza vhangeri rangu, kana kumaodzanyemba kana kuchamhembe, kumabvazuva kana kumadokero, hazvina mhosva, nokuti hamungambo-ende padivi.

4 Naizvozvo, taurai zvinhu

21b D&Z 88:96–98.

22a NKM Mutariri.

b D&Z 72:3–4.

c D&Z 84:38.

79 1a D&Z 52:38.

NKM Gadza.

2a Joh. 14:26.

NKM Munyaradzi.

4a D&Z 68:5–6.

80 1a Marko 16:15.

zvamanzwa, uye zvamunote-nda zvirokwazvo, uye “zvamu-noziva kuti ichokwadi.

5 Tarisai ndichochido cheuyo “akudaizai, Mununuri wenyu, kunyangwe Jesu Kristu. Amen.

CHIKAMU 81

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio, Kurume 1832 (History of the Church, 1:257–258). Frederick G. Williams anodaizwa kuve mupirisita wepamusoro nekuve gurukota reHutungamiri hweHupirisita Hwepamusoro. Zvinyorwa zvenhoroondo zvinoratidza kuti chakazarurwa ichi pachakagashirwa munaKurume 1832, chakadaidza Jesse Gause kuchigaro chegurokota raJoseph Smith muHutungamiri. Zvisinei paakatadza kuenderera mberi arimutsika inopindirana nekudaizwa uku, basa iri rakapedzisira raiswa kuna Frederick G. Williams. Chakazarurwa ichi (chine zuva raKurume 1832) chinofanira kutariswa sechinhanu chemazvo muhurongwa kekutanga hweHutungamiri Hwekutanga, zvakanangana nokudaizwa kwegurukota mudare iroro uye nokutsanangura chiremerera chechigaro ichocho. Muzvarwa Gause akashanda kwechinguvana asi akachekwa muChechi munaZvita 1832. Muzvarwa Williams akagadzwa kuchigaro chataurwa ichi musi wa18 Kurume 1833.

1–2, Makiyi eumambo nguva dzose anobatwa neveHutungamiri Hwekutanga; 3–7, Kana Frederick G. Williams akatendeka muhushumiri hwake, achawana upenyu hwokusingaperi.

2 Ari uyu wandapa “makiyi eumambo, ayo anogara nguva dzose ari ^beHutungamiri hweHupirisita Hwepamusoro;

3 Naizvozvo, zvirokwazvo ndinomutambira uye ndichamuropafadza, uye newewo, kana uchinge wakatendeka mukuraira, muchinzvimbo chandadoma kwauri, mumunamoto nguva dzose, uchidaidzira uye nemumwoyo, pachena, nemuruvande uye muhushumiri hwako mukushambadza vhangeri munyika yavapenyu, uye nepakati pehama dzako.

4 Uye mukuita zvinhu izvi uchaita zvinhu kupinda zvi-

ZVIROKWAZVO, zvirokwa-zvo, ndinoti kwauri muranda wangu Frederick G. Williams: Teerera kuizwi reuyo ari kutaura, kushoko raIshe Mwari vako, uye uteerere mukudaizwa kwawaitwa, kunyangwe kuve mupirisita “wepamusoro muchechi yangu, uye negurukota kumuranda wangu Joseph Smith, Mwana;

4a NKM Uchapupu.
5a NKM Akadaidzwa naMwari.
81 1a NKM Mupirisita

wePamusoro.
2a NKM Kiyi dzeHupirisita.
b D&Z 107:8–9, 22.

NKM Hutungamiri hweKutanga.

mwe zvose zvakanaka kune vamwe vako, uye uchikuridzira “kubwinya kwavo avo Ishe vako.

5 Nokudaro, iva unotendeka, mira muchinzvimbo chandadoma kwauri; “yamura vasina kusimba, simudza maoko aka-rembera, uye ^busimbise mabvi ^casina simba.

6 Uye kana uri wakatendeka kusvika kumagumo uchave nekورونا “yekusafa, uye neupenyu ^bhwokusingaperi ^cmu-dzimba dzandakagadzira mumba maBaba vangu.

7 Tarisai, uye ona, aya mazwi aArfa naOmega, kana Jesu Kristu. Amenii.

CHIKAMU 82

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, muRuwa rweJackson, Missouri, 26 Kubvumbi 1832 (History of the Church, 1:267-269). Zuva iri raive zuva rekusangana kwedare reChechi umo Joseph Smith Muporofita akatsigirwa seMutungamiri weHupirisita Hwepamusoro, chinzvimbo ichi chiri chaakanga ambogadzwa pamusangano wevapirisita vepamusoro, magosa, nenhengo, paAmherst, Ohio, musi wa25 Ndira 1832 (onai musoro wenyaya wechikamu 75). Pekutanga mazita asiri emazuva ose akashandiswa mukushambadzwa kwezvazarurwa zvino kuvanza vanhu vaitaurwa (ona musoro wenyaya wechikamu 78).

1-4, *Panopihwa zvakananda, panodiwa zvakananda; 5-7, Rima rinotonga munyika; 8-13, Ishe vanosungirwa kana tichiita zvanotaura; 14-18, Zioni inofanira kukura murunako, nemuhutsvene; 19-24, Wose munhu anofanira kutsvaka zvinofadza muvakidzani wake.*

ZVIROKWAZVO zvirokwa-zvo, ndinoti kwamuri, varanda vangu, kuti sezvo muchinge “maregererana kutadzirana kwenyu, kunyangwe

saizvozvo, ini Ishe, ndinokuregererai.

2 Zvisinei, kune avo pakati penyu vakatadza zvakapfuuridza; hongu, kunyangwe “mose imi makatadza, asi zvirokwasvo ndinoti kwamuri, chenjerai kubvira zvino, uye murege chitema, potse kutongwa kunorwadza kungawire pamisoro yenyu.

3 Nokuti kubva kune uyo anopihwa “zvizhinji ^bkunodiwawo zvizhinji; uye uyo ^canotadzira ^dchiedza chikuru achagashirawo kurangwa kukuru.

4a Mos. 1:39.

5a Mosaya 4:15-16.

b D&Z 108:7.

c Isa. 35:3.

6a NKM Asingafe.

b NKM Upenyu

Hwokusingaperi;

Rusimudzirwo.

c Joh. 14:2-3;

D&Z 59:2; 106:8.

82 1a Mat. 6:14-15;

D&Z 64:9-11.

2a VaR. 3:23.

3a Ruka 12:48;

Jkb. 4:17.

NKM Kudavira.

b NKM Mutariri.

c NKM Kurasika

Pachitendero;

Chitadzo.

d Joh. 15:22-24.

NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

4 Imi munodaidza zita rangu kuti muwane “zvakarurwa, uye ini ndinozvipa kwamuri; sekutadza kuchengeta kwamunoiita zvirovo zvangu, izvo zvandinopa kwamuri, munobva mave vatadzi; uye ^bkuenzanisa nekutonga ndichochirango chakaiswa pamutemo wangu.

5 Nokudaro, chandinotaura kumumwechete, ndinochitaura kune vose: “Garirirai, nokuti ^bmuvegi ari kuparadzira hutongi hwake nerima rinotonga;

6 Uye kushatirwa kwaMwari kunotungidzwa pamusoro pevagari vepasi; uye hakuna anoiita zvakanaka, nokuti vose vakaenda kunze kwenzira.

7 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ini Ishe, handikupai “mhosva yechitadzo chipi zvacho; endai musazotadzazve; asi kune mweya uyo unotadza, zvivi ^bzvakare zvichadzoka, vanodaro Ishe Mwari venyu.

8 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, ndinokupai murairo “mutsva, kuti munzwisise chido changu pamusoro penyu;

9 Kana kuti, nemamwe mazwi, ndinokupai maitirwo eku ti “munoita sei pamberi pangu, kuti zvigotendeukira kwamuri mukuponeswa kwenyu.

10 Ini Ishe, “ndakasungirwa kana muchiita zvandinotaura

asi kana musingaite zvandinotaura, hamuna chivimbiso.

11 Naizvozvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, zvakananira kuti varanda vangu Edward Partridge naNewel K. Whitney, A. Sidney Gilbert naSidney Rigdon, nemuranda wangu Joseph Smith, naJohn Whitmer naOliver Cowdery, naW. W. Phelps naMartin Harris vasungirwe “pamwechete nechisingo nechibvumirano chisingagone kutyorwa nekutadza, kunze chete kwekuti kutongwa kuchatevera pakarepo, muhutariri hwenyu hwakasiyana-siyana—

12 Kutarisa nyaya dzevarombo, uye nezvinhu zvose zviri maererano nezvehubhishopi kwose munyika yeZioni nemunyika yeKirtland;

13 Nokuti ndakapira nyika yeKirtland munguva yangu yandakatarira kuitira kupundutswa kwevatendi veUyo aripamusoro-soro, uye kuti ive “hoko kuZioni.

14 Nokuti Zioni yakafanira kukura murunako, nemuhutsvene; miganhu yayo yakafanira kukudzwa; hoko dzayo dzinofanira kusimbiswa; hongu, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, “Zioni inofanira kusimuka uye igoshonga nhumbi dzayo ^bdzakanaka.

4a NKM Zvakazarurwa.

b NKM Yenzaniso.

5a NKM Murindiri.

b NKM Dhiabhorosi.

c NKM Rima,

veMweya.

6a VaR. 3:12; D&Z 1:16.

7a NKM Chitadzo.

b D&Z 1:32-33; 58:43.

8a Joh. 13:34.

9a D&Z 43:8.

10a Josh. 23:14;

I Madz. 8:23;

D&Z 1:38; 130:20-21.

NKM Kuropafadzwa;

Anoteerera.

11a D&Z 78:3-7, 11-15.

13a Isa. 33:20; 54:2.

NKM Hoko.

14a NKM Zioni.

b Isa. 52:1;

D&Z 113:7-8.

15 Naizvozvo, ndiri kupa kwamuri murairo uyu kuti muzvisunge nechibvumirano ichi uye zvichaitwa zviri maererano nemitemo yaIshe.

16 Tarisai, houno ungwaru zvakare mandiri kuti zvinakire imi.

17 Uye muchave “makaenzana, kana nemamwe mazwi, muchafanira kuve nemugove wakafanana mumidziyo, kuti muyamurike pakuita basa rehutariri hwenyu, munhu wose maererano nezvaanoda nezvaanoshaya, zvichienderana nekuti zvaanoda zvakarurama—

18 Zvose izvi zviri zvinoyamura chechi yaMwari mupepyu, kuti munhu wose avandudzire “chipo chake, kuti wose munhu agowana mamwe matarenda, hongu, kunyangwe zvakapetwa kazana, kuti zvikandwe ^bmuimba yekuchengetera yaIshe, kuti zvive zvechechi dzose—

19 Wose munhu achitsvaga zvakanakira muvakidzani wake nekuiita zvose zvinhu “neziso

rakanangana nokubwinya kwaMwari.

20 “Hurongwa uhu ndahudoma kuti huve hurongwa husingaperi kwamuri, nekune vachakuteverai, kana musingazotadza.

21 Uyo mweya uchatadzira chibvumirano chino, uchiomesa mwoyo wawo kwachiri, uchatongwa maererano nemitemo yechechi yangu, uchaiswa “mukunetswa naSatani kusvika zuva rerununuro.

22 Zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uye uhu huri ungwaru, itai ushamwari neveupfumi hwekusarurama, uye havazokuparadzai.

23 Siyai kutonga kwega kuni, nokuti ndekwangu uye “ndinoripira. Runyararo ngarwuve nemi, maropafadzo angu arambe ainemi.

24 Nokuti kunyangwe izvozwi “umambo ndehwenyu, huhave nariini, kana mukasapunzika kubva pakushingirira kwenyu. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 83

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Independence, Missouri, 30 Kubvumbi 1832 (History of the Church, 1:269-270). Chakazarurwa ichi chakagashirwa Muporofita agere mudare nevamwe vake.

17a D&Z 51:3.
NKM Gadza, Mutemo weruGadzo.

18a Mat. 25:14-30;
D&Z 60:13.
NKM Chipwo; Zvipo zveMweya.
b D&Z 42:30-34, 55;

119:1-3.
NKM Imba Yekuchengetera.

19a D&Z 88:67.
NKM Ziso.
20a NKM Hurongwa hwemubatanidzwa.
21a D&Z 104:8-10.

23a VaR. 12:19;
Morm. 3:15.

24a Ruka 12:32;
D&Z 64:3-5.
NKM Umambo hwaMwari kana Umambo hweKudenga.

1-4, *Madzimai nevana vanekodzero yekutarisa kuvarume neku-madzibaba avo kutsvaka kuriritirwa kwavo*; 5-6, *Shirikadzi nenherera vanotarisira kuChechi kuti variritirwe.*

ZVIROKWAZVO vanodaro Ishe, pamusoro pemitemo yechechi iyi maererano nevakadzi nevana, avo vari muchechi, “vakarasikirwa nevarume kana madzibaba:

2 Vakadzi “vanekodzero kuvarume vavo yekuchengetwa kwavo, kusvika varume vavo vatorwa; uye kana vasina kubatwa nokutadza vachawana ruwadzano muchechi.

3 Uye kana vasingatendeke, havazove nekuwadzana muchechi; asi vanogona kuramba vari munhaka dzavo maererano nemitemo yenyika.

4 “Vose vana vanekodzero kuvabereki vavo yekuriritirwa kusvika vabva zera.

5 Mushure mezvo, vanekodzero kuchechi, kana kuti nema-mwe mazwi, pamusoro “peimba yekuchengetera yaIshe, kana vabereki vavo vasina chekuva-pa senhaka.

6 Uye imba yekuchengetera iyi ichachengetwa nemipiro yechechi; uye ^ashirikadzi nenherera vachariritirwa, ^bnevarombowo. Amenii.

CHIKAMU 84

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Kirtland, Ohio 22 na23 Gunyana 1832 (History of the Church, 1:286-295). Mumwedzi waGunyana, magosa akanga atanga kudzoka kubva kumabasa avo ekuparidza kunyika dzekumabvazuva nekuzopa zvirevo pamusoro pemabasa avo. Pavakanga vari pamwechete mumwaka vekufara uyu ndipo pakagashirwa mazwi aya. Muporofita akachiti chizaruro pamusoro pepupirisita.

1-5, *Jerusarema Idzva netemberi zvichavakwa muMissouri*; 6-17, *Mutsetse wehupirisita kubva kuna Mosesi kusvika kuna Adama unopihwa*; 18-25, *Hupirisita hukuru ndounobata kiyi yekuziva Mwari*; 26-32, *Hupirisita hudiki hune kiyi yehushumiri hwengirozi nevhangeri rekugadzirira*; 33-44, *Vanhu vanowana upenyu hwokusingaperi kuburikidza ne-*

mhiko nechibvumirano chehupirisita; 45-53, *Mweya waKristu unojekesera vanhu, nenyika igere muchitadzo*; 54-61, *Vatendi vanofanira kupupura nezvinhu izvo zvavakagashira*; 62-76, *Vanofanira kuparidza vhangeri, uye zviratidzo zvichavatevera*; 77-91, *Magosa anofanira kuenda izvozvi asina chikwama kana mbuva, uye Ishe vachavachengeta mune zva-*

83 1a Jkb. 1:27.
2a I Tim. 5:8.
4a Mosaya 4:14.
5a D&Z 78:3.

NKM Imba
Yekuchengetera.
6a NKM Shirikadzi.
b Mosaya 4:16-26;

Hir. 4:11-13;
D&Z 42:30-39.
NKM Murombo.

vanoshaya; 92-97, Zvirwere ne-kutukwa zvakamirira avo vanoramba vhangeri; 98-102, Rwiyo rwutsva rwerununuro rweZioni rwunopihwa; 103-110, Wose munhu ngaamire muchinzvimbo chake, ashande mubasa rake; 111-120, Varanda valshe vanofanira kushambadzira chinyangadzo chinoparadza chemazuva ekupezdisira.

CHAKAZARURWA chaJesu Kristu kumuranda wake Joseph Smith, Mwana, nema-gosa matanhatu, sekubatana kwavakaita mumwoyo “neku-simudza mazwi avo pamusoro.

2 Hongu, izwi raIshe riri ma-erano nechechi yavo, yakami-swa mumazuva ekupedzisira kuitira “kudzorera pakare va-nhu vavo, sekutaura kwavaka-ita nemiromo ^byevaporofita vavo, nekuungana ^ckwevatendi vavo kuti vamire ^dpaGomo re-Zioni, iro richave guta reJeru-sarema ^eIdzva.

3 Riri guta richavakwa, kuta-ngira panzvimbo ^ayetemberi, iyo yakadomwa nemunwe wa-Ishe, kumiganhu yekumadoke-ro eDunhu reMissouri, yakaku-mikidzwa neruoko rwaJoseph Smith, Mwana, nevamwe avo Ishe vavaifadzwa navo.

4 Zvirokwazvo iri ndiro izwi

raIshe, kuti guta reJerusarema ^aIdzva richavakwa kuburikidza nokuungana kwevatendi, ku-tangira panzvimbo iyi, kunya-ngwe nzvimbo yetemberi, iri ^btemberi ichasimudzwa muchi-zvarwa chino.

5 Nokuti zvirokwazvo chizva-rwa chino hachizopfuura chose kudakara imba yavakirwa Ishe, gore richamhara pairi, gore iroro richave kunyangwe ^aku-bwinya kwaIshe, uko kuchaza-dza imba iyi

6 Uye vanakomana vaMosesi, maererano neHupirisita Hu-tsvene uhwo hwaakagashira ^aneruoko rwavatezvava vake ^bJetero;

7 NaJetero akahugashira pasi peruoko rwaKarebi;

8 NaKarebi akahugashira pasi peruoko rwaErihu;

9 NaErihu pasi peruoko rwa-Jeremia;

10 NaJeremia pasi peruoko rwaGadi;

11 NaGadi pasi peruoko rwa-Isayasi;

12 NaIsayasi akahugashira pasi peruoko rwaMwari.

13 Isayasi naiyewo akagara mumazuva aAbrahama, akaro-pafadzwa naye—

14 Uyo ^aAbrahama akagashira hupirisita kubva kuna ^bMe-rkizedeki, uyo akahugashira

84 1a NKM Munamoto.

2a NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa Israeri.

b Mabasa 3:19-21.

c NKM Mutendi.

d Isa. 2:2-5; VaH. 12:22;

Zvaka. 14:1;

D&Z 76:66; 84:32;

133:18, 56.

e Eta 13:2-11;

D&Z 42:8-9; 45:66-67;

Mis. yeCh. 1:10.

NKM Jerusarema
Idzva.

3a D&Z 57:3.

4a NKM Jerusarema
Idzva.

b NKM Temberi, Imba
yaIshe.

5a D&Z 45:67; 64:41-43;
97:15-20; 109:12, 37.

6a NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.

b NKM Jetero.

14a NKM Abrahama.

b NKM Merkedeki.

kuburikidza nemutsetse wemadzibaba ake, kunyangwe kusvika kuna ^aNoa;

15 Nekubvira kuna Noa kusvika kuna ^aEnoki, nemumadzinza emadzibaba avo.

16 Uye kubvira kuna Enoki kusvikira kuna ^aAberi, uyo akauraiwa ^bnehunyengedzi hwe-mukoma wake, uyo ^cakagashira hupirisita kuburikidza nemirairo yaMwari, neruoko rwababa vake ^aAdama, uyo akanga ari munhu wekutanga—

17 Huri ^aHupirisita hunoramba huri muchechi yaMwari muzvizvarwa zvose uye hauna kutanga kwemazuva kana kuguma kwemakore.

18 NaIshe vakasimbisa ^ahupirisita zvakare pana ^bAroni nembeu yake, kuzvizvarwa zvavo zvose, huri hupirisitawo hunoramba huripo ^chuchigara narinhi nehupirisita huri maererano nehurongwa hutsvene tsvene hwaMwari.

19 Nehupirisita hukuru uhu hunoshumira vhangeri huchibata kiyi ^adezevakavanzika zveumambo, kana kunyangwe ^byeruzivo rwaMwari.

20 Naizvozvo, ^amuzvisungo zvahwo, simba rehumwari rinoonekwa.

21 Uye pasina zvisungo zva-hwo, ^anemvumo yehupirisita simba rehumwari harionekwe kumunhu munyama;

22 Nokuti pasina izvi hakuna ^amunhu angaone chiso chaMwari, kunyangwe Baba, akarama.

23 Zvino izvi ^aMosesi akadzidzisa pachena kuvana valsraeri murenje, akatsvaka zvakapera kuti ^bachenese vanhu vake kuti vagogona ^ckutarisa chiso chaMwari;

24 Asi ^avakaomesa mwoyo yavo vakatadza kutsungirira pamberi pavo; naizvozvo Ishe ^bmuhasha dzavo, nokuti hasha dzavo dzakanga dzatungidzwa pamusoro pavo, vakapika kuti havafanire kuti ^cvapinde muzororo ravo vachiri murenje, zororo iri riri iro kuzara kwokubwinya kwavo.

25 Naizvozvo, vakabvisa ^aMosesi pakati pavo, ^bneHupirisita Hutsvenewo;

26 ^aNehupirisita hudiki hwa-karamba huripo, huri hupirisita

14c NKM Noa, Tateguru vemuBhaibheri.

15a NKM Enoki.

16a NKM Aberi.

b Mos. 5:29–32.

c D&Z 107:40–57.

d NKM Adama.

17a Aruma 13:1–19;

Abr. 2:9, 11.

NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

18a NKM Hupirisita

hwaAroni.

b NKM Aroni, Mukoma waMosesi.

c D&Z 13:1.

19a D&Z 63:23; 107:18–19.

NKM Zvakavandika zvaMwari.

b Abr. 1:2.

20a NKM Zvisungo.

21a NKM Mvumo; Hupirisita.

22a D&Z 67:11.

23a Eks. 19:5–11; 33:11.

b NKM Kutsveneswa.

c Eks. 24:9–11;

D&Z 93:1.

24a Eks. 20:18–21; 32:8; Deut. 9:23;

1 Ni. 17:30–31, 42.

b Mpi. 95:8;

VaH. 3:8–11;

Jak. 1:7–8;

Aruma 12:36.

c djs, Eks. 34:1–2;

Num. 14:23;

VaH. 4:1–11.

25a Deut. 34:1–5.

b NKM Hupirisita

hwaMerkizedeki.

26a NKM Hupirisita

hwaAroni.

hune ^bkiyi ‘dzekuparidza kwe-
ngirozi nevhangeri regadziriro.

27 Irori vhangeri riri vhangeri
‘rekutendeuka, ^bnererubhabha-
tidzo, ‘nokuregererwa kwezvi-
tadzo, ^dnemutemo wemirairo
‘yenyama, iyo yakaitwa naIshe
pamusana pehasha dzavo, kuti
irambe irimo mumba maAroni
pakati pevana vaIsraeri kuda-
kara ^fJohane, uyo akasimu-
dzwa naMwari, ^gakazadzwa
neMweya Mutsvene kubvira
mudumbu raamai vake.

28 Nokuti akabhabhatidzwa
achiri muhudiki hwake, akaga-
dzwa nengirozi yaMwari pa-
nguva yaakanga aine mazuva
masere ekuberekwa, kusimba
irori, kuti apunze umambo hwe-
maJuda, uye ‘kutwasanudza
nzira yaIshe pamberi pezviso
zvevanhu vavo, kuvagadzirira
kuuya kwaIshe, avo vakapihwa
simba ^brose mumaoko avo.

29 Uye zvakare, zvinzvimbo
zvehugosa nabhishopi ‘zviba-
tanidzwa zvinodiwa zvinove
zvekuhupirisita hwepamusoro.

30 Uye zvakare, zvinzvimbo
zvemudzidzisi nemudhikoni
zvibanidzwa zvinodiwa zvi-
nove zvekuhupirisita hudiki,
huri hupirisita hwakasimbi-

swa kuna Aroni nevanakoma-
na vake.

31 Naizvozvo, sezvandataura
pamusoro pevanakomana va-
Mosesi—nokuti vanakomana
vaMosesi nevanakomanawo
vaAroni ‘vachapira mupiro
nechibairo zvinobvumwa mu-
mba maIshe, iri imba ichavaki-
rwa Ishe muchizvarwa chino,
^bpanzvimbo yakapirwa sezva-
ndaka doma—

32 Nevanakomana vaMosesi
nevaAroni vachazadzwa ‘no-
kubwinya kwaIshe, ^bpaGomo
reZioni mumba maIshe, vana
vake vanova imi, neavowo
vazhinji, vandakaidza, ndi-
katumira kunovaka ‘chechi
yangu.

33 Nokuti ani zvake ‘akate-
ndeka mukuwana ^bhupirisita
huviri uhu hwandataura nezva-
hwo, vachikudza basa ravo, ‘va-
nocheneswa neMweya mukuita
miviri yavo kuti ive mitsva.

34 Vanobva vave vanakoma-
na vaMosesi nevaAroni ‘ne-
mbeu ^byaAbrahama, nevechechi
neumambo, ‘nevakasaruudzwa
naMwari.

35 Uyewo vose avo vanoga-
shira hupirisita uhu, vanoga-
shira ini, vanodaro Ishe;

26b D&Z 13:1.

c D&Z 107:20.

27a NKM Rutendeuko.

b NKM Bhabhatidza.

c NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

d NKM Mutemo
waMosesi.

e VaH. 7:11–16.

f NKM Johane

Mubapatidzi.

g Ruka 1:15.

28a Isa. 40:3; Mat. 3:1–3;
Joh. 1:23.

b Mat. 28:18; Joh. 17:2;

I Pet. 3:22;

D&Z 93:16–17.

29a D&Z 107:5.

31a D&Z 128:24.

b D&Z 57:3.

32a NKM Kubwinya.

b VaH. 12:22;

D&Z 76:66; 84:2;

133:56.

c NKM Chechi yaJesu
Kristu.

33a NKM Anechiremera.

b NKM Hupirisita.

c NKM Kutsveneswa.

34a VaG. 3:29; Abr. 2:9–11.

NKM Abrahama—
Mbeu yaAbrahama.

b D&Z 132:30–32.

NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

c NKM Vakasarudzwa.

36 Nokuti uyo anogashira varanda vangu “anogashira ini.

37 Uyo “anogashira ini anogashira Baba vangu;

38 Neuyo anogashira Baba vangu anogashira umambo hwaBaba vangu; nokudaro “zvole izvo zvina Baba vangu zvichapihwa kwaari.

39 Neizvi zviri maererano “nemhiko nechibvumirano chehupirisita.

40 Naizvozvo, vole avo vanogashira hupirisita vanogashira nemhiko iyi nechibvumirano chaBaba vangu, icho chavasingakwanise kutyora, kana kuti chibvisike.

41 Asi ani zvake “achatyora chibvumirano ichi mushure mekunge achigashira, obva kwachiri, ^bhaazowana ruregerero rwezvitadzo munyika muno kana munyika ichauya.

42 Uye nhamo kune vole vasingauye kuhupirisita uhu hwa matambira imi, uhwo hwandave kusimbisa pamuri imi muri pano nhasi, nezwi rangu rinobva kumatenga; kunyangwe ini ndakapa hondo dzekudenga “nengirozi dzangu simba maererano nemi.

43 Zvino ndavekukupai murairo kuti muzvichenjerere, kuti

“mutererese kumazwi eupenyu hwokusingapere.

44 Nokuti “muchararama nezwi rose rinobva mumuromo waMwari.

45 Nokuti “izwi raIshe ichokwadi, chose zvacho chiri ^bchekwadi chiedza, chose zvacho chiri chiedza Mweya, kunyangwe Mweya waJesu Kristu.

46 Uye Mweya unopa “chiedza kumunhu ^bvole anouya munyika; neMweya unojekesera munhu vole ari munyika, anoteerera kuizwi reMweya.

47 Newose anoteerera kuizwi reMweya anouya kuna Mwari kunyangwe Baba.

48 NaBaba “vanomudzidzisa ^bnezvechibvumirano icho chavakavandudza vakachisimbisa pamuri, icho chakasimbisw pamuri pamusana peny kwe imi chete, asi kuitira nyika vole.

49 “Nenyika vole igere muchitadzo, inogomera pasi pehusungwa ^bhwerima nepehusungwa hwechitadzo.

50 Nezvizvi munoziva kuti vari pasi “pehusungwa ^bhwechitadzo, nokuti hava uye kwandiri.

51 Nokuti ani zvake asingauye kwandiri ari pasi pehusungwa hwechitadzo.

36a Mat. 10:40-42;
Ruka 10:16;
D&Z 112:20.

37a Joh. 13:20.

38a Ruka 12:43-44;
VaR. 8:32; Zvaka. 21:7;
3 Ni. 28:10;
D&Z 132:18-20.

NKM Rusimudzirwo.

39a NKM Chitsidzo
neChibvumirano
cheHupirisita.

41a NKM Kurasika
Pachitendero.

^b D&Z 76:34-38; 132:27.

42a D&Z 84:88.

43a 1 Ni. 15:23-25;
D&Z 1:14.

44a Deut. 8:3; Mat. 4:4;
D&Z 98:11.

45a Mpi. 33:4.

NKM Shoko raMwari.

^b NKM Chokwadi.

46a NKM Hana; Chiedza,

Chiedza chaKristu.

^b Joh. 1:9; D&Z 93:2.

48a NKM Kutunhwa.

^b NKM Chibvumirano;
Chibvumirano
Chitsva uye
Chisingaperi.

49a I Joh. 5:19.

^b NKM Rima, zveMweya.

50a VaG. 4:9.

^b NKM Chitadzo.

52 Naani zvake asingagashire izwi rangu haana kujaira “izwi rangu, uye haazi wangu.

53 Nezvizvi munoziva vakarurama kubva kunevakaipa, “nepasi pose pari ^bkugomera pasi ‘pechitadzo uye nerima kunyangwe iye zvino.

54 Uye pfungwa dzenyu munguva dzakapfuura dzakanga dzakasvibiswa “nekusatenda, uye nokuti makazvitora sezvinsina maturo zvinhu zvamakagashira—

55 Kuri “kushaya hunhu nekusatenda kwaunza chechi yose pasi pekutongwa.

56 Uye kutongwa uku kuri pavana veZioni, kunyangwe vose.

57 Vacharamba vari pasi pekutongwa uku kusvika vatendeuka nokuyeuka “chibvumirano chitsva, kunyangwe ^bBhuku raMormoni nemirairo ‘yakare yandakange ndakavapa, kwete kungotaura chete, asi ^dkuita maererano neizvo zvandakanyora—

58 Kuti vaunze michero yakakodzera umambo hwaBaba wavo; zvikasadaro kucharamba kuine kurangwa nekutongwa kunodirwa pavana veZioni.

59 Nokuti vana veumambo vangasvibise here nyika yangu

tsvene? Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Kwete.

60 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri imi zvino muri kunzwa “mashoko angu, ayo anova izwi rangu, makaropafadzwa kana muri munogashira zvinhu izvi;

61 Nokuti “ndichakuregererai zvitadzo zvenyu nemurairo uyu—kuti murambe makatsiga mupfungwa dzenyu ^bmukuyera nemumweya wemunamoto, mukupa uchapupu kunyika yose hwezvinhu izvo zvinotaurwa kwamuri.

62 Naizvozvo, “endai imi munyika yose; panzvimbo ipi zvayo yamusingagone kuenda muchaita zvekuraira, kuti uchapupu huende kubva kwamuri huchienda munyika yose kuchisikwa chose.

63 Sezvandakataura kuvaapositori vangu, kunyangwe saizvozvo ndinotaura kwamuri, nokuti muri “vaapositori vangu, kunyangwe vapirisita vepamusoro vaMwari; imi ndimi avo ^bvandapihwa naBaba vangu; ndimi ‘shamwari dzangu;

64 Naizvozvo, sekutaura kwandakaita kuvaapositori vangu ndinotaura kwamuri zvakare kuti wose “mweya ^bunotenda kumazwi enyu, ukabhabhati-

52a Joh. 10:27.

53a NKM Nyika.

b VaR. 8:22; Mos. 7:48.

c NKM Zvemunyika.

54a NKM Kusadaira.

55a NKM Chisina Maturo.

57a Jer. 31:31-34.

b NKM Bhuku

raMormoni.

c 1 Ni. 13:40-41.

d Jkb. 1:22-25;

D&Z 42:13-15.

60a D&Z 18:34-36.

61a Dan. 9:9.

NKM Regerera.

b D&Z 43:34; 88:121;

100:7.

62a Marko 16:15;

D&Z 1:2-5.

NKM Basa

reKushumira.

63a NKM Muapositori.

b 3 Ni. 15:24;

D&Z 50:41-42.

c Joh. 15:13-15;

D&Z 93:45.

64a NKM Mweya (Mweya neMuviri).

b Marko 16:15-16.

NKM Daira.

dzwa nemvura “kuregererwa zvitadzo, achagashira Mweya ^aMutsvene.

65 ^aNezviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda—

66 Muzita rangu vachaita “mabasa akawanda anoshamisa;

67 ^aMuzita rangu vachatandira kunze anadhiabhorosi;

68 Muzita rangu ^avacharapa vanorwara;

69 Muzita rangu vachazurura maziso emapofu, nokudziura nzeve dzematsi;

70 Rurimi rwechimumu rwuchataura;

71 Uye kana munhu upi zvake akavaisira “chepfu haizovakuvadza;

72 Uye uturu hwenyoka huchashaya simba rekuvakuvadza.

73 Asi ndinovapa murairo, kuti havafanire ^akuzvikudza nezvinhu izvi, kana kuzvitaura kunyika, nokuti zvinhu izvi zvinopihwa kwamuri kuitira pundutso yenyu nekuponeswa kwenyu.

74 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, avo vasingatende kumazwi enyu, vasina ^akubhabhatidzwa mumvura muzita rangu, kuitira kuregererwa zvitadzo zvavo, kuti vagotambira Mweya Mutsvene, ^bvacharaswa, havazopinda

muumambo hwaBaba vangu uko kunaBaba vangu neni.

75 Chakazarurwa ichi, nemurairo kwamuri, zvavanesimba kubvira munguva ino munyika yose, nevhangeri ririkunevase vasati varigashira.

76 Asi, zvirokwazvo ndinoti kune vose avo vakapihwa umambo kubva kwamuri rakafanira kuparidzwa kwavari, kuti vago-tendeuka kumabasa ekare avo akaipa; nokuti vanofanira kutsi-urwa pamusana pemwoyo yavo yakaipa isingatende, uye neha-ma dzenyu muZioni pamusana pekukupandukirai kwavo pa-nguva yandakakutumai.

77 Zvakare ndinoti kwamuri, shamwari dzangu, nokuti kubvira zvino ndichakudaizai kuti shamwari, zvinofanira kuti ndikupei uyu murairo, kuti muve kunyangwe seshamwari dzangu mumazuva andakange ndiinadzo, tichifamba kunoparidza vhangeri musimba rangu;

78 Nokuti handina kuvabvumira kuti vave ^anechikwama kana mbuva, kana mabhatyi maviri.

79 Tarisai, ndinokutumirai kuti muyedze nyika, uye mu-shandi anokodzerana ^anembairo wake.

80 Ani zvake munhu achae-nda ^aakanoparidza ^bvhangeri

64c NKM Kuregererwa kweZvitadzo.
d NKM ChipocheweMweya Mutsvene.
 65a Marko 16:17–18.
 NKM Chiratidzo.
 66a NKM Mabasa.
 67a Mat. 17:14–21.
 68a NKM Kurapa.

71a Marko 16:18;
 Mabasa 28:3–9;
 D&Z 24:13;
 124:98–100.
 73a D&Z 105:24.
 NKM Kudada.
 74a 2 Ni. 9:23;
 D&Z 76:50–52.
 NKM Bhabhatidza—

Zvinofanira.
b Joh. 3:18.
 78a Mat. 10:9–10;
 D&Z 24:18.
 79a D&Z 31:5.
 80a NKM BasareKushumira.
b NKM Vhangeri.

iri reumambo, akasatadza kuve akatendeka muzvinhu zvose, haazoneta mupfungwa, kana kudzimirwa, kana mumuviri, munhengo, kana mumapfupa; kana ‘kavhudzi kemusoro wake hakazombowira pasi kakasonekwa. Uye havazombofofa nezara, kana nenyota.

81 Naizvozvo, “musafunge nezvamangwana, kuti muchadyei, kana muchanwei, kana muchapfekeyi.

82 Nokuti, fungai nezvemaruva esango, kuti anokurasei, haashande, kana kuruka; uye umambo hwenyika, mukubwinya kwahwo kwose, hauna kushongedzwa serimwe rawo.

83 Nokuti “Baba venyu, vari kudenga, ^bvanoziva kuti munozvida zvose zvinhu izvi.

84 Naizvozvo, regai ramangwana “rifunge pfungwa dzezvinhu zvaro.

85 Kana kufanoita pfungwa kuti muchataura “muchitii; asi ^bchengetedzai mupfungwa dzenyu nguva dzose mazwi eupenyu, uye ^czvichapihwa kwamuri munguva iyoyo chidimu chakapimirwa kumunhu wose.

86 Naizvozvo, musaregere mumwe munhu pakati penyu, nokuti murairo uyu uri kune

“vakatendeka vose vakadaidzwa naMwari muchechi muhushumiri, kubvira panguva ino kutora chikwama kana mbuva, avo varikuenda kunoparidza vhangeri rino reumambo.

87 Tarisai, “ndinokutumirai kunze munotsiura nyika pamusana pemabasa avo asina kururama, nokuvadzidzisa nezvekutongwa kuchauya.

88 Uye ani zvake “achakugashirai, ipapo ndichavepowo, nokuti ndichaenda pamberi pehuso hwenyu. Ndichange ndiri kurudyi rwenyu nokuroboshwe, Mweya wangu uchange uri mumwoyo yenyu, uye ^bngirozi dzangu dzakakukomberedzai, kuti dzikusimudzirei pamusoro.

89 Ani zvake anokugashirai anogashira ini; iyeyo achachengetai, nokukupfekedzai, nokukupai mari.

90 Uye uyo anokupai zveku-dya, kana kukupfekedzai, kana kukupai mari, “haazomborasi-kirwa nemubairo wake.

91 Neuyo asingaite zvinhu izvi haasi mudzidzi wangu; nezvizi munogona kuziva vadzidzi “vangu.

92 Uyu asingakugashirei, ibvai paari muende mega pachenyu, “moshambidza tsoka dzenyu

80c Ruka 21:18.

81a Mat. 6:25–28.

83a NKM Baba
veKudenga.

^b Mat. 6:8.

84a Mat. 6:34.

85a Mat. 10:19–20;
Ruka 12:11–12;

D&Z 100:6.

^b 2 Ni. 31:20;

Aruma 17:2–3;

D&Z 6:20; 11:21–26.

NKM Fungisisa.

^c NKM Dzidzisa—

Kudzidzisa

neMweya.

86a Mat. 24:44–46;

D&Z 58:26–29;

107:99–100.

87a NKM Basa

reKushumira.

88a Mat. 10:40;

Joh. 13:20.

^b D&Z 84:42.

NKM Ngirozi.

90a Mat. 10:42;

Marko 9:41.

91a Joh. 13:35.

92a Mat. 10:14; Ruka 9:5;

D&Z 60:15.

kunyangwe nemvura, mvura yakachena, mukupisa kana mukutonhora, mozvipupura kuna Baba venyu vari kudenga, musazodzokera zvakare kumunhu iyeyo.

93 Nemumusha upi zvawo kana guta ramunopinda, itai zvimwechetezvo.

94 Zvisinei, nzverai neshungu, musawane chamunosiya; inhamo kumba iyoyo, kana musha iwoyo kana guta rinokurambai, kana mazwi enyu, kana uchapupu hwenyu huri maerererano neni.

95 Nhamo, ndinodaro zvakare, kumba iyoyo kana musha iwoyo kana guta rinokurambai, kana mazwi enyu, kana uchapupu hwenyu maerererano neni;

96 Nokuti, ini "Samasimba, ndakaisa maoko angu pamarudzi, ^bkuvarova pamusana ^cpehupi hwavo.

97 Nezvirwere zvichapararira, hazvizobviswa panyika kusvika ndapedza basa rangu, iro "richadimburirwa mukururama —

98 Kudakara vose vave kundiziva vachasara, kunyangwe kubvira pamudikidiki kusvika pamukuru-kuru, uye vachazadzwa neruzivo rwaIshe, uye "vachapindirana, uye vachasimudza mazwi avo, uye nema-

zwi pamwechete ^bvachaimba rwiyo rwutsva urwu, vachiti;

99 Ishe ^avanunura zvakare Zioni; Ishe ^avanunura vanhu vavo, ^bIsraeri,

Maererano ^cnekusarudza ^dkwenyasha,

Uko kwakaitwa kuti kuitike nerutendo

^eNechibvumirano chamadzibaba avo.

100 Ishe vanunura vanhu vavo;

NaSatani ^aasungwa nguva hapachina.

Ishe vaunganidza zvose zvinhu ^bmuchimwechete.

Ishe vaunza pasi ^cZioni kubva kumusoro.

Ishe ^dvaunza Zioni kubva pasi.

101 ^aNyika yakarwadziwa ikabara simba rayo;

Nechokwadi chakaiswa muhura hwayo;

Nematenga ayinyemwerera;

Uye yakapfekedzwa ^bnokubwinya kwaMwari vayo;

Nokuti vanomira pakati pevahnhu vavo.

102 Kubwinya, nerukudzo, nesimba, nokusimba,

Ngazvipihwe kuna Mwari vedu; nokuti vazere ^anetsitsi,

Kuenzanisa, nyasha, nechokwadi, ^bnerunyararo.

Nariini nariini. Amenii.

96a NKM Samasimba.

b D&Z 1:13-14.

c NKM Akaipa.

97a Mat. 24:22.

98a Isa. 52:8.

b Mpi. 96:1;

Zvaka. 15:3;

D&Z 25:12; 133:56.

NKM Imba.

99a Zvaka. 5:9;

D&Z 43:29.

b NKM Israeri.

c NKM Sarudzo.

d NKM Nyasha.

e NKM Chibvumirano

chaAbrahama.

100a Zvaka. 20:2-3;

D&Z 43:31; 45:55;

88:110.

b VaE. 1:10;

D&Z 27:13.

c D&Z 45:11-14;

Mos. 7:62-64.

NKM Zioni.

d D&Z 76:102; 88:96.

101a NKM Pasi.

b NKM Kubwinya.

102a NKM Anetsitsi.

b NKM Runyararo.

103 Zvakare, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, zvakafanira kuti wose munhu anoenda kunotaura vhangeri rangu risingaperi, kuti kana vaine mhuri, vachitambira mari sechipo, kuti vanofanira kuitumira kwavari kana kuishandisa kuti ivayamure, sezvavanenge vataurirwa naIshe, nokuti ndizvo zvandinona zvakana.

104 Nevoise avo vasina mhuri, vanogashira "mari, ngavaitumire kuna Bhishopi muZioni, kana kuna bhishopi ari kuOhio, kuti itsaurwe kuitira kuunzwa kwezvakazarurwa nokudhindwa kwazvo, nekuitira kumiswa kweZioni.

105 Uye kana ari ani zvake achapa mumwe wenyu bhatyi, kana sutu, torai dzaru murikande "kuvarombo, muende munzira menyu muchifara.

106 Kana paine pakati penyumumwe akasimba muMweya, "ngaaende neuyo asina kusimba, kuti agosimudzirwa ^bmukupfava, kuti naiyewo agosimba.

107 Naizvozvo, endai neavovakagadzwa kuhupirisita "hudiki muvatumire mberi kwenyu kuti vafanotara nguva yemichechi, nokugadzira nzira, nokuzadzikisa michechi iyo imi pachenyu yamusingagone kuzadzikisa.

108 Tarisai, iyi ndiyonzira va-

apositori vangu mumazuva akare yavakavaka nayo chechi yangu kwandiri.

109 Nokudaro, regai wose munhu amire muchinzvimbo chake, ashande ari maakadaidzwa, kurege kuti musoro uti hauna basa netsoka; nokuti pasina tsoka muviri ungamire nei?

110 Naiwowo muviri unoda "nhengo dzose, kuti vose vago-simudzirwa pamwechete kuti hurongano huchengetedzwe hwakakwana.

111 Tarisai, vapirisita "vepamusoro vanofanira kufamba, nemagosawo, ^bnevapirisita vadiki; asi "madhikoni "nevadzidzisi vanofanira kudomwa kuti "vatarire chechi, kuti vave vashumiri vanomirira muchechi.

112 Nabhishopi, Newel K. Whitney, naiyewo anofanira kufamba achitenderera chechi dzose, achitsvaka varombo kuti "avaropafadze kunezvavanoshaya, ^bnokuninipisa vapfumi nevanozvikudza.

113 Anofanirawo kupinza munhu basa "semumiriri anotora basa nokumuitira mabasa emunyika sekurairwa kwaanenge achiitwa.

114 Zvisinei, bhishopi ngaaende kuguta reNew York, uyewo nekugutawo reAlbany, nekuguta reBoston, ayambire vanhu vemaguta aya neruzha rwevhangeri, nezwi repamusoro,

104a D&Z 51:8-9, 12-13.

105a NKM Murombo—
Varombo
muzvinhu.

106a NKM Kuwadzana.
^b NKM Akapfava.

107a NKM Hupirisita

hwaAroni.

110a I VaKori. 12:12-23.

111a NKM Mupirisita
wePamusoro.

^b NKM Mupirisita,
Hupirisita
hwaAroni.

^c NKM Mudhikoni.

^d NKM Mudzidzisi,
Hupirisita hwaAroni.

^e NKM Murindiri.

112a NKM Ruyamuro.
^b D&Z 56:16.

113a D&Z 90:22.

“nezvekuparadzwa nekurambidzwa zvachose kwakavamirira kana vakaramba zvinhu izvi.

115 Nokuti kana vakaramba zvinhu izvi nguva yekutongwa kwavo yave pedyo, neimba yavo ichasiwa kwavari “yaparadzwa.

116 “Ngaavimbe neni ^bhaazokangaidzwa; kana ^ckavhudzi kake hakanga pupurikire pasi zvisinakuonekwa.

117 Uye zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ruzhinji rwevaranda vangu, endai sekukwanisa kwenyu, mukudaidzwa kwenyu, kumaguta nemisha mikuru inoremekedzwa, muchitsiura nyika mukururama, mune zvose zva-vo zviito zvisina kururama

nezvisina humwari, muchiisa zviripachena uye zvinonzwisisi-ka kuparadza kwechinyangadzo mumazuva ekupedzisira.

118 Nokuti, nemi vanodaro Ishe Samasimba, “ndichabvarura umambo hwavo, ^bhandizozunguza nyika chete, asi kana matenga azere nenyenyedzi achadedera.

119 Nokuti, ini Ishe, ndatambanudza ruoko rwangu kushandisa masimba ekudenga; imi hamugone kuzviona zvino, asi muchinguvana muchazviona, mugoziva kuti ndini, kuti “ndichauya ^bndigozotonga nevanhu vangu.

120 Ndini “Arfa naOmega, kutanga nokuguma. Amenii.

CHIKAMU 85

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Kirtland, Ohio, 27 Mbudzi 1832 (History of the Church, 1:298–299). Chikamu chino ndezvakatorwa kubva mutsamba yeMuporofita kuna W. W. Phelps, akanga achigara muIndependence, Missouri. Zvakapihwa kuti zvipindure mibvunzo pamusoro peavo Vatendi vakanga vatamira kuZioni asi vasina kugashira nhaka dzavo maererano nehurongwa hwa-kadzikwa muChechi.

1–5, *Nhaka muZioni dzinogashirwa kuburikidza nokutsaurwa; 6–12, Mumwe ane hukuru akasimba achapa Vatendi nhaka yavo muZioni.*

IBASA remunyori walshe, uyo Iwaakadoma, kuti achengete nhoroondo, “nezvinyorwa zvose zvechechi zvezvinhu zvose zvinoitika muZioni, neavo vose ^bvanopira midziyo, uye vachi-

114a D&Z 1:13–14.
115a Ruka 13:35.
116a NKM Vimba.
 b Mpi. 22:5; I Pet. 2:6.
 c Mat. 10:29–31.
118a Dan. 2:44–45.
 b Joere 2:10;
 D&Z 43:18; 45:33,

48; 88:87, 90.
NKM Mazuva
Ekupedzisira;
Zviratidzo
zveNguva.
119a D&Z 1:12, 35–36;
29:9–11; 45:59.
NKM Kuuya

Kwechipiri
kwaJesu Kristu.
 b NKM Mereniamu.
120a NKM Arfa
 naOmega.
85 1a D&Z 21:1;
47:1; 69:3–6.
 b D&Z 42:30–35.

gashira nhaka zvirira mumurau kubva kuna bhishopi;

2 Uyezve nemagariro avo, rutendo rwavo, nemabasa; uyewo nevakarasika pachitendero avo vanorasika mushure mekuwana nhaka dzavo.

3 Hazvipindirane nechido nemurairo waMwari kuti avo vasingagashire nhaka dzavo kuburikidza “nekutsaura, zvinobvumirana nemutemo wavo, uyo wavakapa, kuti vagobvisisa^bchegumi vanhu vavo, kuvagadzirira zuva ‘rokutsiva noku-pisa, kuti vave nemazita avo akanyorwa pamwechete nema-zita evanhu vaMwari.

4 Kana nhorooondo yemadzinza avo haichengetwe, kana kuwanikwa painofanira kuwanikwa pazvinyorwa zvipi zvazvo kana nhorooondo yechechi.

5 Mazita avo haazowanikwa, kana mazita emadzibaba, kana mazita evana haanyorwe “mubhuku remutemo waMwari, vanodaro Ishe veHondo.

6 Hongu, kanodaro kazwi kadiki “kakanyarara, kanoita kazevezeve^bkachibaya zvoze zvinhu, uye nguva zhinji kanoita kuti mapfupa angu abvunde kana kachidudzira, kachiti;

7 Uye zvichaitika kuti ini Ishe, Mwari, ndichatuma uyo ane hukuru uye akasimba, akabata

tsvimbo yesimba muruoko rwake, akapfekedzwa chiedza sechiputiro, uye ane muromo uchataura mazwi, mazwi ekusingaperi; ihwo hura hwake huri tsime rechokwadi, kugadziridza imba yaMwari, nokuronga nemijenya nhaka dzevatendi vane mazita anowanikwa, nemazita emadzibaba avo, nevana vakanyorwa mubhuku remutemo waMwari;

8 Apo uyo munhu, akadaidzwa naMwari uye akadomwa, anoisa ruoko rwake kutsigira “areka yaMwari, achawira pasi nemuseve werufu, kufanana nemuti unorohwa nekupenya kwakasimba kwemheni.

9 Uye vose avo vanowanikwa vasina kunyorwa “mubhuku rendangariro havana nhaka dzavanowana muzuva iroro, asi vachadimurwa nepakati, uye mugove wavo uchadomerwa kwavari pakati pevasingatende, umo mune^bkuuwura neku-geda-geda kwemeno.

10 Izvi zvinhu handizvitaure ini pachangu; nokudaro sekutaura kunoita Ishe, vachazvizardzikisa.

11 Uye avo veHupirisita Hwepamusoro, vane mazita asingawanikwe akanyorwa “mubhuku remutemo, kana avo vanowanikwa^bvakarasika pachitendero,

3a NKM Gadza, Mutemo weruGadzo.

b NKM Chegumi.

c Mara. 3:10-11, 17; D&Z 97:25-26.

5a NKM Bhuku reUpenyu.

6a I Madz. 19:11-12; Hir. 5:30-31;

3 Ni. 11:3-7.

b VaH. 4:12.

8a II Sam. 6:6-7;

I Mak. 13:9-10.

NKM Areka yeChibvumirano.

9a 3 Ni. 24:16; Mos. 6:5-6.

NKM Bhuku Rendangariro. b D&Z 19:5.

11a NKM Bhuku reUpenyu.

b NKM Kurasika Pachitendero.

kana vanowanikwa ‘vakabviswa muchechi, uye nekuhupirisita hudiki, kana nhengo, muzuva iroro havawane nhaka pakati pevatendi vewePamusoro-soro; 12 Naizvozvo, zvichaitwa kwavari kufanana nezvakaitwa

kuvana vemupirisita sezvinowanikwa zvakanyorwa muchitsauko chechipiri mundima yemakumi matanhatu neimwechete neye makumi matanhatu nembiri yebhuku raEzra.

CHIKAMU 86

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 6 Zvita 1832 (History of the Church, 1:300). Chakazarurwa chino chakatambirwa panguva Muporofita paakanga achidzokorora nekupepeta magwaro ezvinyorwa zvekududzira Bhaibheri.

1–7, *Ishe vanopa zvinoreva runganorwemufananidzo wegorosi nemasawi*; 8–11, *Vanotsanangura maropafadzo ehupirisita kune avovagari venhaka vari mumurau, maererano nezvenyama.*

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe kwamuri imi varanda vangu, maererano nerungano ‘rwemufananidzo wegorosi ne-wemasawi:

2 Tarisai, zvirokwasvo ndinoti, munda wakanga uri nyika, uye vaapositori ndivo vakanga vari vadyari vembeu.

3 Uye mushure mekunge varara, mutambudzi mukuru wechechi, uyo akarasika pachitendero, mhombwe, kunyangwe ‘Babironi, iyo inoita kuti marudzi ose anwe mukombe wayo, mumwoyo yavo muvengi, kunyangwe Satani agere achitonga, tarisai anodyara sawi; nokudaro, sawi rinovhu-

nga gorosi uye nokuisa ^bchechi murenje.

4 Asi tarisai, mumazuva ‘ekupedzisira, kunyangwe iye zvino apo Ishe vavekutanga kuunza izwi, uye sora riri kubuda uye richiri dete—

5 Tarisai, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, ‘ngirozi dziri kuche-ma kuna Ishe masikati nehusiku, dziri dzakamirira kutumwa kuti ^bdzizokohwa minda;

6 Asi Ishe vanoti kwavari, musatanhe sawi shizha richiridete (nokuti zvirokwasvo rutendo rwenyu haruna kusimba), potse mungaparadze negorosiwo.

7 Naizvozvo, regai gorosi nesawi zvikure pamwechete kudakara gohwo raibva; ndipo pamuchatanga kuunganidza gorosi kubva kusawi; uye mushure mokuunganidza gorosi, tarisai, uye muone, sawi rinosungwa masvinga, uye munda wosarira kupiswa.

11c NKM Kubviswa Hunhengo.

86 1a Mat. 13:6–43; D&Z 101:64–67.

3a Zvaka. 17:1–9.

NKM Baberi, Babironi.

b Zvaka. 12:6, 14.

4a NKM Mazuva

Ekupedzisira.

5a D&Z 38:12.

b NKM Mukoho.

8 Naizvozvo, vanodaro Ishe kwamuri, imi maramba muine “hupirisita kuburikidza nemutsetse wedzinza remadzibaba enyu—

9 Nokuti ndimi “vagari venhaka vari pamurau, maerera-no nezvenyama, uye mange ^bmakavigwa kunyika naKristu muna Mwari—

10 Naizvozvo upenyu hwenyu nehupirisita hwaramba huripo uye hunofanira kuti huvepo ku-

burikidza nemi uye nemutsetse wedzinza renyu kudakara “kudzorerwa pakare kwezvinhu zvole zvakataurwa nemiromo yevaporofita vatsvene vose kubvira pakutanga kwenyika.

11 Naizvozvo, makaropafadzwa imi kana mukaramba muri mukunaka kwangu, “chidedza kuvaJentairi, uye kuburikidza nehupirisita huno, muponesi kuvanhu vangu ^bIsraeri. Ishe vazvitaure. Amen.

CHIKAMU 87

Zvakazarurwa nekuporofitwa pamusoro pehondo, zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, 25 Zvita 1832 (History of the Church, 1:301–302). Chikamu chino chakagashirwa panguva apo hama dzaifunga nekuzeya pamusoro pezvehunhapwa hwevanhu vatema ve-Africa muAmerica uye nehunhapwa hwevana vevanhu munyika dzose.

1–4, *Hondo inotaurwa kuti ichaitika pakati penyika dzeKumaodzanyemba nedzeKuchamhembe; 5–8, Matambudziko makuru achawira pane vagari vepasi.*

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe pamusoro pehondo dzichauya muchinguva chiri kutevera, kutangira pakupanduka ^akweSouth Carolina, uko kuchagumisira nokuparadzwa nerufu nekusuwa kwemweya mizhinji;

2 Uye nguva ichasvika yekuti ^ahondo ichadirwa panyika dzose, kutangira panzvimbo ino.

3 Nokuti tarisai, nyika dze-

Kuchamhembe dzichapesana nenyika dzeKumaodzanyemba, nyika dzeKuchamhembe dzichadaidza mamwe marudzi, kana kunyangwe rudzi rwe-Great Britain, sezvainodaidzwa, vachadaidzawo mamwe marudzi, kuti vazvidzivirire kune mamwe marudzi, ipapo ^ahondo ichadirwa pamarudzi ose.

4 Uye zvichaitika kuti mushure memazuva mazhinji, ^anhapwa dzichapandukira vana tenzi vado, avo vachange vakarongwa nokudzidziswa zvehondo.

5 Uye zvichaitikawo zvakare kuti vanosaririra venyika vangenenge vasara vachazvironga

8a D&Z 113:8.

NKM Hupirisita
hwaMerkizedeki.

9a Abr. 2:9–11.

NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

b Isa. 49:2–3.

10a Mabasa 3:19–21.

NKM Kudzorerwa
pakare kweVhangeri.

11a Isa. 49:6.

b D&Z 109:59–67.

87 1a D&Z 130:12–13.

2a Joere 3:9–16;
Mat. 24:6–7;

D&Z 45:26, 63; 63:33.

3a D&Z 45:68–69.

4a D&Z 134:12.

pachavo, vagoshatirwa zvaka-pfuuridza, vagonetsa maJentari nokunetsa kunorwadza.

6 Saizvozvo, nemunondo nekudeurwa kweropa vagari vepasi ^avachachema; ^bnenzara, zvirwere, nekundengedeka kwenyika, nokutinhira kwedenga, pamwe nemheni inopenya zvinotyisa, vagari vepasi vachaitwa kuti vanzwe hashane kugumbuka, neruoko ^crwunoranga rwaMwari Samasimba,

kudakara kuparadzwa kwakadzikwa ^akwapedza zvizere, ose marudzi;

7 Kuti kuchema kwevatendi, ^anokweropa revatendi, kurege kukwira kunzeve dzalshe ^bveSabaoti, kubva pasi, kuti vago-tsvirwa vavengi vavo.

8 Nokudaro, ^amirai imi munzvimbo tsvene, musabviswe, kudakara zuva raIshe rauya, nokuti tarisai, rinouya ^bnokukurumidza, vanodaro Ishe. Amen.

CHIKAMU 88

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Kirtland, Ohio, 27 Zvita 1832 (History of the Church, 1:302-312). Zvakadaidzwa neMuporofita kunzi "shizha remuorivhi" rakatemwa pa-Muti weParadiso, Shoko raIshe rerunyararo kwatiri" (History of the Church, 1:316). Zvinoonekwa kubva muzvinyorwa zvenhoroondo kuti zvidimbu zvezvakazarurwa zvino zvakagashirwa musiwani wa27 na28 Zvita 1832 na3 Ndira 1833.

1-5, Vatendi vanotendeka vanogashira Mweya Munyaradzi, chiri icho chivimbiso cheupenyu hwokusingaperi; 6-13, Zvose zvinhu zvinobatwa nokutongwa neChiedza chaKristu; 14-16, Kumuka kuwakafa kunouya kuburikidza neRununuro; 17-31, Kuteerera mutemo weseresitiyaro, teresitiyaro, kana tiresitiyaro, kana vepasi, kunogadzirira vanhu kupinda muumambo ihwowo nekubwinya kwahwo; 32-35, Avo vanoda kugara muchitadzo vanogara vakasviba; 36-41, Hwose umambo hunotongwa nemutemo; 42-45, Mwari vakapa mutemo kuzvinhu

zvose; 46-50, Munhu achasvika pakunzwisisa kunyangwe Mwari; 51-61, Rungano rwemufananidzo wemurume akatumira varanda vake kumunda uye achizoshanyira mumtwe nemumtwe; 62-73, Swederaipedyo naIshe, uye munozoona chiso chavo; 74-80, Zvichenesei mega uye mudzidzisane dzidziso dzeumambo; 81-85, Wose munhu akayambirwa anofanira kuyambira muvakidzani wake; 86-94, Zviratidzo, mhirizhonga dzezviumbiswa, nengirozi zvinogadzirira nzira yekuuya kwaIshe; 95-102, Hwamanda dzengirozi dzinodaidza vakafa mukurongwa kwavo;

6a D&Z 29:14-21; 45:49.
b JS—Mat. 1:29.
c NKM Kuranga.
d NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.
7a Eta 8:22-24.
b Jkb. 5:4;
D&Z 88:2; 95:7.

8a Mat. 24:15;
D&Z 45:32; 101:21-22.
b Zvaka. 3:11.

103-116, *Hwamanda dzengirozi dzinoshambadza kudzoserwa pakare kwevhangeri, kupunzika kweBabironi, uye hondo yaMwari mukuru; 117-126, Tsvakai kudzidza, misai imba yaMwari (Temberi), uye muzvishongedze nechishongo cherudo rwakadzama; 127-141, Kurongwa kweChikoro cheVaporofita kunoitwa, pamwechete nechisungo chekugeza tsoka.*

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe kwamuri maungana pachenyu pamwechete kuti mugashire chido chavo pamusoro penyū;

2 Tarisai, izvi zvinofadza kuna Ishe venyu, uye ngirozi ^adzinofara pamusoro penyū; ^bzvipo zveaminamoto yenyū zvauya kunzeve dzalshe ^cweSabaoti, uye zvanyorwa ^amubhuku remazita evakacheneswa, kunyangwe ivavo venyika yeseresitiyaro.

3 Nokudaro, ndavekutumira pamuri mumwe Mweya ^aMunyaradzi, kunyangwe pamuri shamwari dzangu, kuti zvigare mumwoyo menyū, kunyangwe Mweya ^bMutsvene weruvimbiso; uyo mumwe Mweya Munyaradzi ari mumwecheteyo andakavimbisa kuvadzidzi vangu, sezvakanyorwa muuchapupu hwaJohane.

4 Uyu Mweya Munyaradzi ndiye ruvimbiso rwandinopa kwamuri rweupenyū ^ahwokusingaperi, kunyangwe ^bkubwinya kweumambo hweseresitiyaro;

5 Kubwinya uku kuri iko kwechechi ^areDangwe, kunyangwe Mwari vatsvene kupfuura vose, kuburikidza naJesu Kristu Mwanakomana wavo—

6 ^aUyo akakwira kumusoro, ^bsekudzika zvakare kwavakaita pasi pezvinhu zvose, mukudaro ^cvanonzwisisa zvinhu zvose, kuti vave mune zvose uye vave kuburikidza nemune zvose zvinhu, ^achiedza chechokwadi;

7 Chiri chokwadi chinopenya. Ichi ^andichochiedza chaKristu. Sezvaariwo ari muzuva, uye chiedza chezuva, uye nesimba raro iro ^barakagadzirwa naro.

8 Sezvo ariwo mumwedzi, uye ari chiedza chemwedzi, uye nesimba rawo iro rawakagadzirwa naro;

9 Sechiyedza chenenyedziwo, uye nesimba radzo iro radzakagadzirwa naro;

10 Uye nenyikawo, uye nesimba rayo, kana nyika ^ayamumire pairi.

11 Uye chiedza chinopenya, icho chinokupai chiedza, chinoburikidza naiye anovhenekera maziso enyu, chiri icho chiedza

88 2a Ruka 15:10.

b Mabasa 10:1-4.

NKM Munamoto.

c Jkb. 5:4; D&Z 95:7.

d NKM Bhuku reUpenyū.

3a Joh. 14:16.

b D&Z 76:53.

NKM Mweya

Mutsvene

weChivimbiso.

4a D&Z 14:7.

b NKM Kubwinya
kweSeresitiyaro.

5a NKM Dangwe.

6a NKM Jesu Kristu.

b D&Z 122:8.

NKM Dzikinura.

c NKM Saruzivo.

d D&Z 93:2, 8-39.

NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu;
Chokwadi.

7a Moro. 7:15-19;

D&Z 84:45.

b Gen. 1:16.

NKM Sika.

10a Mos. 2:1.

chimwechetecho chinomutsa
“kuzwisisa kwenyu;

12 Chiri icho “chiedza chino-
bva pamberi paMwari ^bchichi-
zadza hukuru hwemukaha —

13 Chiedza icho chiri muzvi-
nhu “zvose, icho chinopa ^bupe-
nyu kuzvinhu zvose, uri iwo
‘mutemo unotongwa nawo zvi-
nhu zvose, kunyangwe simba
raMwari avo vagere pachigaro
chavo cheumambo, avo vari
muchipfuva chekusingapere,
avo vari pakati pezvinhu zvose.

14 Zvino, zvirokwazvo ndinoti
kwamuri, kuti kuburikidza “ne-
rununuro urwo rwakaitirwa imi
rwunounza kumuka kuvakafa.

15 Uye “mweya ^bnemuviri ndi-
wo ‘mweya wemunhu.

16 Uye “kumuka kuvakafa
ndiko kununurwa kwemweya.

17 Uye kununurwa kwemwe-
ya kunoburikidza naiye anopa
zvinhu zvose upenyu, muchi-
pfuva make makadzikwa kuti
“varombo uye ^bnevanyoro ‘ve-
nyika vachaigara nhaka.

18 Naizvozvo, inofanira ku-
cheneswa kubva kune kusaru-
rama kwose, kuti igadzirirwe
kubwinya “kweseresitiyaro;

19 Nokuti mushure mekunge
yazadzikisa zvayakasikirwa,
ichapfekedzwa korona “yeku-
bwinya, kunyangwe kuve pa-
naMwari Baba;

20 Kuti miviri iyo iri yeuma-
mbo hweseresitiyaro “ive nako
nariini nariini, nokuti ^bnechi-
nangwa ichi yakagadzirwa
nokusikwa, uye nechinangwa
ichi ‘vanocheneswa.

21 Uye vasina kucheneswa
kuburikidza nemutemo uyu
wandakapa kwamuri, kunya-
ngwe mutemo waKristu, vano-
fanira kugara nhaka yehumwe
umambo, kunyangwe uhwo
umambo hweteresitiyaro, kana
iyo yetiresitiyaro.

22 Nokuti uyo asingagone
kuteerera “mutemo weuma-
mbo hweseresitiyaro haanga-
gone kugara mukubwinya
kweseresitiyaro.

23 Uye uyo asingagone kugara
mumutemo weumambo hwe-
teresitiyaro haagone kugara
mukubwinya “kweteresitiyaro.

24 Uye uyo asingagone kugara
mumutemo weumambo hwati-
resitiyaro haagone kugara
mukubwinya “kwetiresitiyaro,

11a NKM Kunzwisisa.
12a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
b Jer. 23:24.
13a VaKoro. 1:16–17.
b Deut. 30:20;
D&Z 10:70.
c Jobo 38;
D&Z 88:36–38.
NKM Mutemo.
14a NKM Dzikinura;
Hurongwa
hweRununuro.
15a NKM Munhu—
Munhu, Mwana

weMweya waBaba
veKudenga; Mweya.
b NKM Muviri.
c Gen. 2:7.
NKM Mweya (Mweya
neMuviri).
16a Aruma 11:42.
NKM Kumuka
Kuvakafa.
17a NKM Muroombo.
b NKM Akapfava.
c NKM Pasi—Mamiriro
ekupedzisira epasi
pano.
18a NKM Kubwinya

kweSeresitiyaro.
19a D&Z 130:7–9.
20a D&Z 38:20.
b Mos. 1:39.
NKM Munhu—
Munhu, Kugona
kuve saBaba
Vekudenga.
c NKM Kutsveneswa.
22a D&Z 105:5.
23a NKM Kubwinya
kweTiresitiyaro.
24a NKM Kubwinya
kweTeresitiyaro.

naizvozvo haana kukodzera umambo hwekubwinya. Naizvozvo anofanira kugara muumambo husiri umambo hwekubwinya.

25 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, “nyika inogara mumutemo weumambo hweseresitiyaro, nokuti inozadzikisa zvayakasikirwa, uye isingatyore mutemo—

26 Nokudaro, “ichacheneswa; hongu, zvisinei kuti ^bichafa, ichamutswa kuupenyu zvakare, uye ichagara musimba rakaimutsa, uye ^cvakaruruma ^avachagara nhaka.

27 Nokuti zvisinei kuti vanofa, naivowo ^avachamuka zvakare, muviri ^bwemweya.

28 Avo vari vemweya weseresitiyaro vachagashira muviri iwoyo waive muviri wenyama; kunyangwe imi muchagashira miviri yenyu, uye ^akubwinya kwenyu kuchave kubwinya kunove kunoita kuti miviri yenyu ^binomutsiridzwa.

29 Imi munomutsiridza nechidimu ^achekubwinya ^bkweseresitiyaro muchatambira kumwechetekwo kunyangwe kuzere.

30 Uye avo vanomutsiridzwa nechidimbu chekubwinya ^akwe-teresitiyaro vachagashirawo

kumwechetekwo, kunyangwe kuzere.

31 Uye naivowo vanomutsiridzwa vapenyu nechidimbu chekubwinya ^akwetiresitiyaro, naivowo vachagashira kumwechetekwo, kunyangwe kuzere.

32 Uye kana avo vachasara ^avachamutsiridzwawo; zvisinei vachadzoka zvakare kunzvimbo yavo, kunofadzwa neicho ^bchavanoda kugashira, nokuti vakannga vasingade kufadzwa neicho chavangadai vakagashira.

33 Ko zvinoyamureiko munhu kana chipo chikaiswa paari, uye iye akagashira chipo? Tarisai, haafare muneicho chinopihwa kwaari, kana kufarira mune uyo anove ndiye mupi wechipo.

34 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti icho chinotongwa nemutemo chinochengetedzwawo nemutemo uye chichakwaniswa uye ^anokucheneswa nechimwechetecho.

35 Icho ^achinotyora mutemo, uye chisingagare mumutemo, asi chichitsvaka kuve mutemo pachacho, uye chichida kugara muchitadzo, uye chichigara muchitadzo zvachose, hachikwanise kucheneswa nemutemo, kana ^bnetsitsi, ^ckuenzanisa kana kutonga. Naizvozvo,

25a NKM Pasi.

26a NKM Pasi—Mamiriro ekupedzisira epasi pano.

b NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

c II Pet. 3:11–14.

NKM Akarurama.

d Mat. 5:5;

D&Z 45:58; 59:2; 63:49.

27a NKM Kumuka

Kuvakafa.

b I VaKori. 15:44.

28a NKM Kutonga, Kwekupedzisira.

b D&Z 43:32; 63:51; 101:31.

29a NKM Munhu—Munhu, Kugona kuve saBaba Vekudenga.

b NKM Kubwinya

kweSeresitiyaro.

30a NKM Kubwinya kweTiresitiyaro.

31a NKM Kubwinya kweTeresitiyaro.

32a Aruma 11:41–45.

b NKM Kuzvisarudzira.

34a NKM Kutsveneswa.

35a NKM Hupanduki.

b NKM Anetsitsi.

c NKM Yenzaniso.

zvinofanira kugara ^azvakasviba kudaro.

36 Hwose umambo hune mutemo unopihwa;

37 Uye kune ^aumambo hwa-kawanda; nokuti hakuna nzvimbo isina umambo; uye haku-na umambo husina nzvimbo, hungave umambo hukuru kana hudiki.

38 Uye kuumambo hwose kunopihwa ^amutemo; uye kumutemo wose kune zvisungo uyewo nemamiriro.

39 Zvisikwa zvose zvisingagare ^amumamiriro iwayo ^bhazvireverewe.

40 Nokuti ^anjere dzinobatirira panjere; ^bungwaru hunogashira ungaru; ^cchokwadi chinobundikira chokwadi; ^dhunhu hunoda hunhu; ^echiedza chinobatirira pachiedza; tsitsi dzinoitira ^fmwoyo munyoro tsitsi uye dzinoda wekwadzo; kuenzani-sa kunoramba kuri mugwara rako kuchida zvekwako; kutonga kunoenda pamberi peuso hweuyo agere pachigaro chehushe uye achitonga uye achitemera zvinhu zvose.

41 ^aVanonzwisisa zvinhu zvose, uye zvinhu zvose zviri pamberi pavo, zvinhu zvose zvakamukomberedza; vari pamusoro pezvinhu zvose, uye vari muzvinhu zvose, uye vari

kuburikidza nemuzvinhu zvose, uye vakatenderedza zvinhu zvose; uye zvinhu zvose zvakai-twa naivo, uye ndezvavo, kunyangwe, Mwari nariini nariini.

42 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, vakapa mutemo kuzvinhu zvose, uyo wazvinofamba nawo ^amunguva dzazvo uye nemwaka yazvo;

43 Uye makwara adzo akadzi-kwa, kunyangwe nzira dzematenga uye nenyika, dzinonzwisisa nyika nepasi rose.

44 Uye dzinopanana ^achiedza munguva dzadzo uye nemuwaka yadzo, nemuzvidimbu zvenguva dzazo, nemuzvikamu zvenguva dzazvo, nemumazuva adzo, mumasvondo adzo, mumwedzi yadzo, mumakore adzo—zvose izvi ^bigore rimwechete kuna Mwari, asi kwete kumunhu.

45 Nyika inokunguruka pamapapiro ayo, uye ^azuva rinopa chiedza charo masikati, uye mwedzi unopa chiedza chawo usiku, uye nenyenyedziwo dzinopa chiedza chadzo, sekukunguruka kwadzinenge dzichiita pamapapiro adzo mukubwinya kwadzo, mukati ^bmesimba raMwari.

46 Ndingahufananidze nei, umambo uhu kuti munzwise?

47 Tarisai, zvose izvi umambo,

35d Zvaka. 22:11;
1 Ni. 15:33-35;
2 Ni. 9:16;
Aruma 7:21.
37a D&Z 78:15.
38a D&Z 88:13.
39a D&Z 130:20-21.
^b NKM Natsa.
40a NKM Ungwaru.

^b NKM Ungwaru.
^c NKM Chokwadi.
^d NKM Hunhu
Wakanaka.
^e NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
^f NKM Kunzwa Tsitsi.
41a I Joh. 3:20; 1 Ni. 9:6;
2 Ni. 9:20;

D&Z 38:1-3.
NKM Saruzivo.
42a Dan. 2:20-22;
Abr. 3:4-19.
44a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
^b Mpi. 90:4; II Pet. 3:8.
45a Gen. 1:16; Abr. 4:16.
^b D&Z 88:7-13.

uye ani munhu aona hupi zva-hwo kana hudiki-diki hwawo “aona Mwari vachifamba muhukuru hwavo nesimba.

48 Ndinoti kwamuri, akamu-ona, zvisinei, uyo akauya kune “vekwake haana kunzwiswa.

49 “Chiedza chinopenya muri-ma, uye rima harichinzwisise; zvisinei, zuva richauya ^bramu-chanzwisisa kunyangwe Mwari, muri munoitwa kuti muve vapenyu mavari uye naivo.

50 Ipapo muchaziva kuti mandiona, kuti ndini, uye nekuti ndini chiedza chechokwadi icho chiri mamuri, uye nokuti imi muri mandiri, dai pasina izvozvo hamaibudirira.

51 Tarisai, ndichafananidza umambo uhu kumurume ane munda uye akatumira varanda vake kumunda kuti vanotimba mumunda.

52 Uye akati kune wekutanga: Enda unoshanda mumunda, uye muchikamu chekutanga chenguva ndichauya kwauri, uye uchaona kufara kweuso hwangu.

53 Uye akati kune wechipiri: Endawo newe kumunda, uye chikamu chechipiri chenguva ndichakushanyira nokufara kwechiso changu.

54 Uyewo kune wechitatu; achiti ndichakushanyira;

55 Uyewo nekune wechina zvichidaro kusvika kune wechigumi nevaviri.

56 Uye ishe wemunda akaenda

kune wekutanga munguva yekutanga, uye akagara naye nguva yose iyoyo, uye akafadzwa nechiedza cheuso hwashe wake.

57 Uye ndokubva abva pane wekutanga kuti ashanyirewo wechipiri, uye newechitatu, newechina, zvichidaro kusvika kune wechigumi nevaviri.

58 Uye naizvozvo vose vakagashira chiedza cheuso hwashe wavo, wose munhu muchikamu chenguva chake, uye nemunguva yake, uye nemumwaka wake—

59 Kutanga pane wekutanga, uye zvichidaro kusvika pane wekuperdzisira, uye nekubva kune “wekuperdzisira kuenda kune wekutanga, uye kubvira pane wekutanga kusvika wekuperdzisira;

60 Wose munhu muhurongwa hwake, kudakara chikamu chake chenguva chapera, kunyangwe nemaererano nezvaakanga arairwa naishe wake, kuti ishe wake agorumbidzwa mairi, uye naiye munaishe wake, kuti vose vagorumbidzwa.

61 Naizvozvo, kurungano rwe-mufananidzo urwo ndichafananidza umambo hwose uhu, uye “nevagari vacho varimo—hwose umambo muchikamu chenguva yahwo, uye nenguva yahwo, uye nemumwaka wahwo, kunyangwe maererano nezvakadzikwa zvikaitwa naMwari.

62 Uye zvakare, zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri

47a Aruma 30:44;
Mos. 1:27–28; 6:63;
Abr. 3:21.

48a Joh. 1:11; 3 Ni. 9:16;

D&Z 39:1–4.
49a D&Z 6:21; 50:23–24;
84:45–47.

b Joh. 17:3;

D&Z 93:1, 28.
59a Mat. 20:1–16.
61a D&Z 76:24.

“shamwari dzangu, ndinosiya zvirevo izvi nemi kuti ^bmuzvi-fungisisa mumwoyo yenyu, nemurairo uyu wandinopa kwamuri, kuti ^cmundidaidze ndichiri pedyo—

63 “Swederai pedyo neni uye ini ndichaswederai pedyo nemi; ^bnditsvakei nokushingaira uye ^cmuchandiwana, kumbirai uye muchagashira; gogodzai, uye muchazarurirwa.

64 Chose zvacho “chamunokumbira kuna Baba muzita rangu chichapihwa kwamuri, chino-^bva ^bchakafanira kwamuri;

65 Uye mukakumbira chipi zvacho chisina “kufanira kwamuri, chichakupindukirai ^bchokutongesai.

66 Tarisai, icho chamunonzwa chinoita “sezwi remumwe ari kuchema murenje—murenje, nokuti hamukwanise kumuo-^ana—izwi rangu, pamusana pekuti izwi rangu ^bMweya; Mweya wangu ichokwadi; ^cchokwadi chinogara uye hachina magumo; uye kana chiri mamuri chichawanda.

67 Uye kana ziso renyu “rakanangana bedzi ^bnekubwinya kwangu, miviri yenyu yose ichazadzwa nechiedza, uye

hakuzove nerima mamuri, uye muviri iwoyo uzere nechiedza ^cunonzwisisa zvinhu zvose.

68 Naizvozvo, “zvichenesei pachenyu kuti ^bpfungwa dzenyu dzive dzakaperera pana-Mwari chete, uye mazuva achauya ekuti ^cmuchamuona, nokuti vachafugura huso hwa-^vvo kwamuri, uye zvichave munguva yake, uye nenzira yavo, uye zviru maererano nechido chavo.

69 Rangarirai vimbiso huru uye yekupedzisira yandakaita kwamuri; ^bvisai pfungwa dzenyu ^adzisina maturo uye ^bnokuseka kwenyu kwakapfuuridza, zviende kure nemi.

70 Garai imi, garai imi munzvimbo ino, uye mudaidze gungano dzvene, kunyangwe reavo vanove vashandi veku-tanga muumambo huno hwekupedzisira.

71 Uye regai avo “vavakayambira munzendo dzavo vadaidze kuna Ishe, uye vachifunga yambiro mumwoyo yavo iyo yavakagashira, kwechinguvana.

72 Tarisai, uye muone ndichachengeta zvipfuwo zvenyu, uye ndichamisa magosa uye ndigovatumira kwavari.

62a D&Z 84:63; 93:45.

^b NKM Fungisisa.

^c Isa. 55:6; Jkb. 1:5; D&Z 46:7.

63a Zek. 1:3; Jkb. 4:8; Zvaka. 3:20.

^b I Mak. 28:9;

Eta 12:41;

D&Z 101:38.

^c D&Z 4:7; 49:26.

64a NKM Munamoto.

^b D&Z 18:18; 46:28-30.

65a Jkb. 4:3.

^b D&Z 63:7-11.

66a Isa. 40:3; 1 Ni. 17:13;

Aruma 5:37-38;

D&Z 128:20.

^b NKM Mweya

Mutsvene; Chiedza,

Chiedza chaKristu.

^c NKM Chokwadi.

67a Mat. 6:22;

Ruka 11:34-36;

D&Z 82:19.

^b Joh. 7:18.

^c Zir. 28:5; D&Z 93:28.

NKM Kuziva

kuburikioza

neMweya, Chipo che.

68a NKM Kutsveneswa.

^b NKM Pfungwa.

^c D&Z 67:10-13; 93:1;

97:15-17.

69a Mat. 12:36;

Mosaya 4:29-30;

Aruma 12:14.

^b D&Z 59:15; 88:121.

71a NKM Yambira,

Yambiro.

73 Tarisai, ndichakurumidzisa basa rangu munguva yaro.

74 Uye ndinopa kwamuri imi ^avashandi vekutanga muumambo huno hwekupedzisira, murairo wekuti muzviunganidze pachenyu pamwechete, mugozvironga pachenyu, noku-zvigadzirira pachenyu, ^bnoku-zvichenesa pachenyu; hongu, ^cchenesai mwoyo yenyu, mugeze maoko enyu netsoka dzenyu pamberi pangu, kuti ndikuitei ^amakachena;

75 Kuti ndigopupura kuna ^aBaba venyu, uye naMwari venyu, naMwari vangu, kuti makachena kubva kuropa rechizvarwa chakaipa ichi; kuti ndizadzikise chivimbiso ichi, chivimbiso chikuru ichi chekupedzisira, icho chandakaita kwamuri, kana ndavekuda.

76 Zvakare, ndinopa kwamuri murairo kuti murambe muri ^amukunamata ^bnekutsanya kubvira panguva ino zvichienda mberi.

77 Uye ndinopa kwamuri murairo kuti ^amudzidzisane ^bdzidziso dzeumambo.

78 Dzidzisa imi nesimba uye ^anyasha dzangu dzichave nemi, kuti ^bmugorairwa zvakawedzerwa zvakakwana muruzi-

vo, muchokwadi, mudzidziso, mumutemo wevhangeri rangu, muzvinhu zvose zviri maererano neumambo hwaMwari, izvo zvinofanirwa kuti munzwisise;

79 Muzvinhu zviri ^akudenga uye nezviri pasi, uye nezviri pasi penyika; zvinhu zvakange zviripo, zvinhu zviripo, zvinhu zviri pedyo nekuzoitika; zvinhu zviri mumusha, zvinhu zviri mhiri; ^bhondo uye nematambudziko emarudzi, nekutongwa kuri panyika; uye neruzivo zvakare rwenyika uye neumambo—

80 Kuti mugare makagadzirira muzvinhu zvose pandichakutumai zvakare kuti mukudze basa randakakudeedzerai, uye nehushumiri hwandakati muve nahwo.

81 Tarisai, ndakakutumai kuti ^amunopupura nokuyambira vanhu, uye zviri kumunhu wose ayambirwa kuti ^bayambire muvakidzani wake.

82 Naizvozvo, vanosara vasi-na chikonzero, uye zvitadzo zvavo zviri pamisoro yavo.

83 Uyo ^aanonditsvaka ^bnokukurumidza achandiwana, uye haazoraswa.

84 Naizvozvo, garai imi uye

74a Mat. 20:1, 16.

b Zvaka. 20:7-8;

3 Ni. 19:28-29;

D&Z 50:28-29; 133:62.

c NKM Chakachena

neChisina Kuchena.

d Eta 12:37.

75a NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari—

Mwari Baba; Baba

veKudenga;

Munhu—Munhu,

Mwana weMweya

waBaba veKudenga.

76a NKM Munamato.

b NKM Kutsanya.

77a NKM Dzidzisa.

b NKM Dzidziso

yaKristu.

78a NKM Nyasha.

b D&Z 88:118; 90:15;

93:53.

79a NKM Denga.

b NKM Hondo.

81a NKM Pupura.

b D&Z 63:58.

NKM Yambira,

Yambiro.

83a Deut. 4:29-31;

Jer. 29:12-14;

D&Z 54:10.

b Aruma 37:35.

mushingaire kushanda, kuti muve munokwaniswa muhushumiri hwenyu kuti muende mukati ^amemaJentairi kekupe-dzisira, sekuwanda kuchadomwa nemuromo walshe, ^bkusungachapupu uye nokusimbisa uchapupu, uye nokugadzirira vatende nguva yekutongwa iyo ichauya;

85 Kutu mweya yavo igopunyuka hashu dzaMwari, ^akuparadza kwechinyangadzo uko kwakamirira vakaipa, kwose munyika ino uye nemunyika ichauya. Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, regai avo vasiri magosa ekutanga varambe vari mumunda wemizambiringa kudakara muromo walshe ^bwavadaidza, nokuti nguva yavo haisati yasvika, nguwo dzavo hadzina ^ckuchena kubva paropa rechizvarwa chino.

86 Garai imi ^amurusununguko urwo ^brwamunosunungurwanarwo; ^cmusazvipiringishe ^dmuchitadzo, asi maoko enyu ngave ^eakachena, kusvika Ishe vauya.

87 Nokuti hakuna mazuva akawanda ^anyika isati ^byabvunda uye ichizeya mberi nesure semunhu akadhakwa; uye ^czuva richavanza chiso charo,

uye rigoramba kupa chiedza; uye mwedzi uchagezwa ^amuropa; uye ^cnyenyedzi dzichashatirwa zvikuru, uye dzichadonhera pasi seguyu rinodonha kubva mumuti wemukuyu.

88 Uye mushure meuchapupu hwenyu kunouya hashu uye nokugumbuka pavanhu.

89 Nokuti mushure meuchapupu hwenyu kunouya uchapupu ^ahwekundengendeka kwenyika, uko kuchakonzera kugomera pakati payo, uye vanhu vachawira pasi uye vagotadza kusimuka.

90 Uye kouyawo uchapupu ^ahweizwi remabanana uye neizwi remheni, uye neizwi redutu guru, uye neizwi remasaisai egungwa achisairirana kupfuurira miganhu yawo.

91 Uye zvinhu zvose zvinenge ^azvongopishana; uye chokwadi mwoyo yevanhu ichakundikana, nokuti kutya kuchauya pamunhu wose.

92 Uye ^angirozi dzichabhururuka nepakati pedenga dzichichema nezwi guru, dzichiridza hwamanda yaMwari, dzichiti: Gadzirirai imi, gadzirirai imi, imi vagari vepasi; nokuti kutonga kwaMwari wedu kwauya. Tarisai, uye muone ^bChikomba

84a Nh—JS 1:41.

b Isa. 8:16–17.

85a Mat. 24:15.

b D&Z 11:15.

c 1 Ni. 12:10–11;

Jak. 1:19; 2:2;

D&Z 112:33.

NKM Chakachena.

86a Mosaya 5:8.

NKM Rusununguko.

b Joh. 8:36.

NKM Kuzvisarudzira;

Kusununguka.

c VaG. 5:1.

d NKM Chitadzo.

e Jobo 17:9; Mpi. 24:4;

Aruma 5:19.

87a Isa. 13:4–13.

b D&Z 43:18.

c Joere 2:10;

D&Z 45:42; 133:49.

d Zvaka. 6:12.

e Joere 3:15.

89a D&Z 45:33.

90a Zvaka. 8:5;

D&Z 43:17–25.

91a D&Z 45:26.

92a Zvaka. 8:13;

D&Z 133:17.

b Mat. 25:1–13;

D&Z 33:17;

133:10, 19.

chaya; endai munomuchi-ngura.

93 Uye pakarepo pachaonekwa chiratidzo “chikuru mudenga, uye vanhu vose vachachiona pamwechete.

94 Uye imwe ngirozi icharidza hwamanda yayo, ichiti: “Chechi ^bhuru iya, ‘amai vehuipi, iyo yakaita kuti marudzi ose anwe waini yehasha ^dzhezupombwe hwayo, iyo inotambudza vate-ndi vaMwari, iyo inodeura ropa ravo—iyo igere pamusoro pemvura dzakawanda uye nemuzvitsuwa zvegungwa—tarisai, ‘ndiyosawi renyika; rakasungwa mumasvinga; majoto ayo anoitwa akasimba, hakuna munhu angaasunungure; naizvozvo yakatomirira ^fkupiswa. Uye icharidza hwamanda yayo kwenguva huru uye zvine ruzha, uye ose marudzi achainzwa.

95 Uye “kuchanyararwa kude-nga kwechikamu chepakati nepakati chenguva; uye pakarepo mushure macho, ^bchidzitiro chekudenga chichatambanudzwa sekutambanudzwa kunoitwa gwaro mushure mukonge rapetwa, uye ‘chiso chalshe chichafugurwa;

96 Uye vatendi vari pamusoro penyika, vachiri vapenyu, va-

chapamhidzirwa upenyu vobva “vabatwa mudenga kunomuchingura.

97 Uye avo vanga varere mumakuva avo “vachauya, nokuti makuva avo achazururwa; uye naivowo vachabatwa kuti vanomuchingura pakati peshongwe yekudenga—

98 NdevaKristu, michero “yekutanga, avo vachatanga kudzika naye, uye neavo vari panyika uye mumakuva avo vanobatwa kudenga kuti vamuchingure; uye zvose nezwi rekuridzwa kwehwamanda yengirozi yaMwari.

99 Uye mushure mezvizvi imwe ngirozi icharidza, inovendiyohwamanda yechipiri; uye zvino kwouya rununuro rweavo vari vaKristu pakuuya kwake; avo vakagashira chidimbu chavo “mutirongo ravakagadzirirwa ivo kuti vagashire vhangeri, uye ^bvagotongwa maerano nevanhu munyama.

100 Uye zvakare, imwe hwamanda icharira, iri iyo hwamanda yechitatu; uye zvino kwouya “mweya yavanhu avo vachatongwa, uye vagoonekwa vari pasi ^bpekutongwa;

101 Uye ava ndivovose vanhu “vakafa; uye havazorarama

93a Mat. 24:30;

Ruka 21:25–27.

NKM Zviratidzo zveNguva.

94a NKM Dhiabhorosi—Chechi radiabhorosi.

b 1 Ni. 13:4–9.

c Zvaka. 17:5.

d Zvaka. 14:8.

e Mat. 13:38.

f D&Z 64:23–24;

101:23–25.

NKM Pasi—Kusukwa kwepasi pano.

95a D&Z 38:12.

b Zvaka. 6:14.

c NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu Kristu.

96a I VaT. 4:16–17.

97a D&Z 29:13; 45:45–46; 133:56.

NKM Kumuka Kuvakafa.

98a I VaKori. 15:23.

99a D&Z 76:73; 138:8.

NKM Ruponeso rweVakafa.

b I Pet. 4:6.

100a Zvaka. 20:12–13;

Aruma 11:41;

D&Z 43:18; 76:85.

b NKM Kupomera.

101a Zvaka. 20:5.

zvakare kudakara ^bchiuru chamakore chapera, kana zvakare, kudakara kuguma kwepasi.

102 Uye imwe hwamanda icharidzwa, iri hwamanda yechina, ichiti: kunowanikwa pakati peavo vanosara kudakara zuva riya guru uye reku-pedzisira, kunyangwe magumo vacharamba ^avakasviba zvakadaro.

103 Uye imwe hwamanda icharidzwa, iyo iri hwamanda yechishanu, iri ngirozi yechishanu iyo inopa vhangeri ^arisingaperi—ichiburuka nepakati pedenga, kumarudzi ose, madzinza, ndimi, nevanhu vose;

104 Uye ukwu ndikokuchave kurira kwehwamanda yake, ichiti kune vanhu vose, vose vari kudenga nevari pasi, uye neavo vari pasi pevhu—nokuti ^ayose nzeve ichazvinzwa, uye rose ibvi ^brichapfugama, uye rurimi rwose rwuchareurura, apo pavanenge vachinzwa kurira kwehwamanda, ichiti: ^aItyai Mwari, uye mupe kubwinya kwavari avo vagere pachigaro cheumambo nariini nariini, nokuti nguva yekutonga kwavo yasvika.

105 Uye zvakare, imwe ngirozi icharidza hwamanda yayo, iyo iri iyo ngirozi yechitanhatu, ichiti: ^aApunzika uyo akaita

kuti ose marudzi anwe waini yehasha dzehupombwe hwake, apunzika, apunzika!

106 Uye zvakare, imwe ngirozi icharidza hwamanda yayo, iri iyo ngirozi yechinomwe, ichiti Zvapera; Zvapera! ^aGwayana raMwari ^brakunda ^crikatsikatsika rega musviniro wewaini, kunyangwe chisvino chewaini chekutyisa kwehasha dzaMwari Samasimba.

107 Uye zvino ipapo ngirozi dzichaiswa korona yekubwinya kwehukuru hwavo, uye ^avatendi vachazadzwa ^bnekubwinya kwavo, uye vagogashira ^cnhaka yavo uye vagoitwa kuti ^avaezane navo.

108 Uye zvino ngirozi yekutanga icharidza zvakare hwamanda yayo munzeve dzevose vapenyu, uye ^anokuratidza zviito zvemuruvande zvevanhu, uye nemabasa makuru aMwari muchiuru ^bchekutanga chemakore.

109 Uye zvino ndipongi-rozi yechipiri paicharidza hwamanda yayo, uye igoratidza zviito zvemuruvande zvevanhu, uye nepfungwa uye nezvinangwa zveumwoyo yavo, uye nemabasa makuru aMwari muchiuru chechipiri chemakore—

110 Uye zvichidaro, kusvika ngirozi yechinomwe yaridza

101b NKM Mereniamu.
102a NKM Hutsvina.
103a Zvaka. 14:6–7.
NKM Kudzorerwa pakare kweVhangeri.
104a Zvaka. 5:13.
^b Isa. 45:23;
^c VaF. 2:9–11.
^c NKM Kutya—Kutya

Mwari;
Ruremekedzo.
105a Zvaka. 14:8;
D&Z 1:16.
106a NKM Gwayana raMwari.
^b I VaKori. 15:25.
^c Isa. 63:3–4;
Zvaka. 19:15;

D&Z 76:107; 133:50.
107a NKM Mutendi.
^b NKM Kubwinya kweSeresityaro.
^c NKM Rusimudzirwo.
^d D&Z 76:95.
108a Aruma 37:25;
D&Z 1:3.
^b D&Z 77:6–7.

hwamanda yayo; uye ichamira pamusoro penyika uye pamusoro pegungwa, uye igopika nezita raivo vagere pachigaro chekutonga, kuti kuchazovepo “nguva, ^bSatani yaachave akasungwa, nyoka iya yekare, inonzi dhiabhorosi, uye haizosunungurwa kwemukana ^cwechiuru chemakore.

111 Uye zvino “anozosunungurwa kwemwaka mupfupi kuti agounganidza mawuto ake.

112 Uye “Mikaeri, ngirozi yechinomwe, achaunganidza mawuto ake pamwechete, kunyangwe hondo dzekudenga.

113 Uye dhiabhorosi achauanganidza mawuto ake pamwechete; kunyangwe hondo dzegehena, uye achauya kuzorwisa Mikaeri nemawuto ake.

114 Uye zvino kouya “kurwa kwaMwari vakuru; uye dhiabhorosi nemauro ake vachakanidza munzvimbo yavo, kuti vasazowana simba pamusoro pevatendi zvakare.

115 Nokuti Mikaeri acharwa hondo dzavo, uye achakurira uyo “anotsvaka chigaro chekutonga chaivo vagere pachigaro chekutonga, kunyangwe iro Gwayana.

116 Uku ndiko kubwinya kwaMwari, uye neavo “vakachene-

swa; uye ivavo havachazoona ^brufu zvekare.

117 Naizvozvo, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, “shamwari dzangu, daidzirai musangano wenyu wakakosha, sekukurairai kwandakakuitai.

118 Uye sezvo vose vasina rutendo, shingairai kutsvaka uye “mudzidzisane mazwi ^beungwaru; hongu, tsvakai kubva ^cmumabhuku akanaka mazwi eungwaru; tsvakai kudzidza, kunyangwe nokuverenga uye-wo nerutendo.

119 Zvirongi; gadzirirai chose chingadiwe; uye mumise “imba, kunyangwe imba yemunamato, imba yekutsanya, imba yerutendo, imba yekudzidzira, imba yekubwinya, imba yakarongwa, imba yaMwari;

120 Kutu kupinda kwenyu kuve kuri muzita ralshe; kuti nekubuda muchienda kwenyu kuve muzita ralshe; kuti kwose kukwazisana kwenyu kuve muzita ralshe, uye nemaoko akasimudzirwa kune vari Pamusoro-soro.

121 Naizvozvo, “regai zvekutaura zvisina maturo, ^bkusekesesa kwose, rwose ^cruchiva rwenyu, ^dkuzvikudza kwenyu kwose uye nehunzenza, uye nezviito zvenyu zvose zvakaipa.

110a D&Z 84:100.

b Zvaka. 20:1-3;

1 Ni. 22:26;

D&Z 101:28.

NKM Dhiabhorosi.

c NKM Mereniamu.

111a D&Z 29:22; 43:30-31.

112a NKM Mikaeri.

114a Zvaka. 16:14.

115a Isa. 14:12-17;

Mos. 4:1-4.

116a NKM Rusimudzirwo; Kutsveneswa.

b Zvaka. 21:4;

Aruma 11:45; 12:18;

D&Z 63:49.

NKM Asingafe.

117a D&Z 109:6.

118a D&Z 88:76-80.

NKM Dzidzisa.

b NKM Ungwaru.

c D&Z 55:4; 109:7, 14.

119a D&Z 95:3; 97:10-17;

109:2-9; 115:8.

NKM Temberi, Imba

yaIshe.

121a D&Z 43:34; 100:7.

b D&Z 59:15; 88:69.

c NKM Zvenyama.

d NKM Kudada.

122 Domai pakati penyu mudzidzisi, musaite kuti mose muve vatauri pamwechete, regai kutaure mumwechete vamwe vose vateerere kutaura kwake, kuti kana vose vataura vose vagosimudzirana, kutiwo munhu wose ave nemukana wakaenzana.

123 Onai kuti “munodanana; regai ^bzvekuchiva; dzidzai kupanana sezvinodiwa nevhangeri.

124 Regai “zveunyope. Regai zvekuve netsvina, regai ^bzve-kutsvakirana mhosva, regai kurara zvakapfuura zvinodiwa; endai kunorara nokukurumidza, kuti musazove makaneta; mukai rungwanani, kuti miviri yenyu nepfungwa dzenyu zvisimbise.

125 Uye pamusoro pezvinhu zvose, zvisihongedzei nechisungo “cherudo rwakadzama, sezvamunoita nguwo, chinova chisungo chekukwana uye ^bnerunyararo.

126 “Namatai nguva dzose, kuti musaore mwoyo, kusvika ^bndauya. Tarisai, uye muone, ndichauya nokukurumidza, uye ndigokugashirai kwandiri. Amen.

127 Uye zvakare, hurongwa hwemba yakagadzirirwa vatungamiri “vechikoro chevaporofita chakaitirwa kudzidziswa kwavo muzvinhu zvose zvaka-

vafanira, kunyangwe ^bzveva-shandi vechechi, kana kuti nemamwe mazwi, avo vanoda-idzwa kuhushumiri hwemuchechi, kutangira pavapirisita vepamusoro, kunyangwe kusvika pasi kune mudhikoni—

128 Uye uwu ndihwo hwichave hurongwa hwemba yehutungamiri hwechikoro; uyo anodomwa kuva mutungamiri kana mudzidzisi, achawanikwa amire munzvimbo yake, mumba yaachagadzirirwa.

129 Naizvozvo, achave wekutanga mumba maMwari, munzvimbo iyo yekuti gungano riri mumba rinzwe mazwi ake zvakanaka, uye zvakajeka, kwete nezwi guru.

130 Uye paanouya mumba maMwari, nokuti ndiye anofanira kuve wekutanga mumba umu— tarisai, izvi zvakanaka, kuti ave semufananidzo—

131 “Ngaazvipire nomunamato ari pamabvi ake pamberi paMwari, muchiratidzo kana mukurangarira chibvumirano chisingaperi.

132 Uye kana ani zvake akauya achimuda, mudzidzisi ngasimuke, uye nemaoko akasimudzirwa kudenga, hongu, kana ikoko chaiko, akwazise hama yake kana hama dzake nemazwi aya:

133 Uri hama kana kuti muri hama here? Ndinokukwazisai

123a NKM Rudo.
b NKM Kuchiva.

124a NKM Anenungo.
b D&Z 64:7–10.
NKM Kutaura
Zvakaipa.

125a NKM Rudo
Rwakadzama.
b NKM Runyararo.
126a NKM Munamato.
b D&Z 1:12.
127a NKM Chikoro

cheVaporofita.
b NKM Chigarro,
Munhu anechigarro.
131a NKM Kunamata.

muzita raIshe Jesu Kristu, muchiratidzo kana mukurangari-
ra chibvumirano chisingaperi,
chiri icho chibvumirano cha-
ndinokugashirai nacho "muku-
wadzana, uye nekushinga kwa-
kadzikwa, kusingatsukunyuke,
uye kusingapindurike, kuti ndi-
ve shamwari ^bnehama yenyu
kuburikidza nenyasha dza-
Mwari muzvisungo zverudo,
kufamba mumirairo yose ya-
Mwari tisina mhosva, mukute-
nda, nariini nariini. Amen.

134 Uye uyo anowanikwa
asina kukodzera kukwaziswa
nomutowo uyu, haawane nzvi-
mbo pakati penyuru; nokuti ha-
mufanire kubvumira kuti imba
yangu "isvibiswe naye.

135 Neuyo anouya achipinda
akatendeka pamberi pangu,
uye ari hama, kana dziri hama,
vachakwazisa mutungamiri
kana mudzidzisi nemaoko
akasimudzirwa kudenga, uye
nemunamato nechibvumirano
chimwechetecho, kana nokuti
Ameni, murupawo rwumwe-
cheterwo.

136 Tarisai, zvirokwasvo ndi-
noti kwamuri, uyu mufanani-
dzo kwamuri wekukwazisana

kwamunoita mumba maMwa-
ri, muchikoro chevaporofita.

137 Munodaizwa kuti muite
izvi nemunamato nekutanda,
sekupihwa kwamuchange mu-
chiitwa mashoko neMweya
mune zvamunoita zvose mu-
mba maIshe, muchikoro cheva-
porofita, kuti ive nzvimbo ino-
yera, netabernakeri yeMweya
Mutsvene "yokukusimbisai.

138 Hamuzotambira ani zva-
ke pakati penyuru muchikoro
ichi kunze kwekunge ari aka-
chena kubva "kuropa rechizva-
rwa chino;

139 Uye achatambirwa nechi-
sungo "chekushambidza tsoka,
nokuti ichochi ndichochina-
ngwa chakaitirwa chisungo
chekugeza tsoka.

140 Uye zvakare, chisungo
chekugeza tsoka chinoitwa
nemutungamiri, kana gosa riri
kutungamira chechi.

141 Zvinofanira kutanga
nemunamato; mushure "meku-
dya chingwa newaini, anofani-
ra kuzvisunga maererano ^bne-
tsika yakapihwa muchitsauko
chegumi netatu cheuchapupu
hwaJohane pamusoro pangu.
Ameni.

CHIKAMU 89

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburukidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio 27 Kukadzi 1833 (History of the Church, 1:327-329). Nekuda kwekuputa fodya kwevarume vekutanga mumichechi yavo, Muporofita akaitwa kuti afunge pamusoro penyaya iyi; nokudaro akabvunza kuna Ishe pamusoro pazvo. Zvakazarurwa zvino zvinozivikanwa seShoko

133a NKM Kuwadzana.

^b NKM Hama;

Hanzvadzi.

134a D&Z 97:15-17;

110:7-8.

137a D&Z 50:21-24.

138a D&Z 88:74-75,

84-85.

139a NKM Akagezwa.

141a NKM Sakaramende.

^b Joh. 13:4-17.

reUngwaru, zvakapihwa pamusana pazvo. Ndima nhatu dzekutanga dzakanyorwa neMuporofita sechisumo chakafemerwa netsananguro.

1-9, *Kushandiswa kwewaini, zvinwiwa zvinodhaka, fodya, uye kunwa zvinopisa zvakarambidzwa; 10-17, Makwenzi michero, nyama uye nembeu zvakaiswa kuti zvishandiswe nemunhu nemhuka; 18-22, Kuteerera mutemo wevhangeri, pamwechete nekuShoko reUngwaru, zvinounza maropafadzo enyama neemweya.*

IZWI SHOKO REUNGWARU, rekuyamura dare revapisita vepamusoro, vakaungana muKirtland, nechechi, uyewo nekuvatendi varimuZioni —

2 Kuti vatimirwe kwaziso; kwete nemurairo kana nokumanikidzwa, asi nezvakarurwa uye neShoko reUngwaru, zvichiratidza hurongwa uye “nechido chaMwari mukuponesa vatendi vose munyama mumazuva ekupedzisira —

3 Zvakapihwa semutemo une “chivimbiso; zvikaitwa kuti zvive zvinokwanisika kune vakaneta nekune vakanetesesa^bvevatendi vose, vanove kana vangave vanodaidzwa kunzi vatendi.

4 Tarisai zvirokwasvo, vanodaro Ishe kwamuri: Nechikonzero “chezvakaipa uye nezvirongwa zviripo uye zvichagara

zviripo mumwoyo yavanhu^bvanofurirana mumazuva ekupedzisira, “ndakakuyambirai, uye nokufanokuyambirai, nokukupai shoko iri reungwaru kuburikidza nezvakarurwa —

5 Kuti sezvo munhu upi zvake akanwa “waini kana zvinodhaka pakati penyuru, tarisai hazvina kunaka, kana kufanira mumaziso aBaba venyu, asi chete mukuungana kwenyu pamwechete kuti mupire sakaramende yenyu pamberi pavo.

6 Uye, tarisai iyi inofanira kuve waini, hongu, waini “yakachena yemudzambiringa, yamazviga-dzirira mega.

7 Uye zvakare, zvinwiwa “zvinodhaka, hazvizi zvedumbu, asi zvekugezesa miviri yenyu.

8 Uye zvakare, fodya haisi “yemuviri, kana dumbu, uye haina kunaka kumunhu, asi igwenzi remavanga emombe dzose dzinorwara, inofanira kushandiswa neungwaru uye neruzivo.

9 Uye zvakare, zvinwiwa zvinopisa hazvisi zvemuviri kana dumbu.

10 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, ose “makwenzi akanaka Mwari vakaagadza kuumba, chimiro nekushandiswa nemunhu —

89 1a NKM Shoko reUngwaru.

2a D&Z 29:34.

NKM Mirairo yaMwari.

3a D&Z 89:18-21.

b NKM Mutendi.

4a NKM Hunyengedzi.

b NKM Huranganwa hwemuruvande.

c NKM Yambira, Yambiro.

5a Zvaka. 10:9-11;

Isa. 5:11-12;

I VaKori. 6:10.

6a D&Z 27:1-4.

7a Zir. 20:1; 23:29-35.

8a I VaKori. 3:16-17.

NKM Muviri.

10a NEMAMWE MAZWI zvirimwa. Gen. 1:29; D&Z 59:17-20.

11 Rose gwenzi mumwaka yaro, uye nemuchero wose mumwaka wawo, zvose izvi kuti zvishandiswe neungwaru “neikutenda.

12 Hongu, “nyamawo ^byemhuka neyeshiri dzedenga, ini Ishe, ndakadzigadza kuti dzishandiswe nevanhu nokutenda; zvisinei, dzinoda kushandiswa zviri ‘pamwero;

13 Uye zvinondifadza kuti hazvina kufanira kushandiswa, kunze kwekunge dziri nguva dzechando, kana dzekutonhora, kana dzenzara.

14 Dzose “mbeu dzakagadzwa kushandiswa nemunhu nemhuka, kuti dzive musimbotei weupenyu, kwete kumunhu chete, asi nekumhuka dzesango, uye neshiri dzedenga, uye dzose mhuka dzesango dzinomhanya kana kukambaira munyika;

15 Uye izvi zvakaitwa naMwari kuti munhu ashandise chete munguva dzenzara uye nemunzara yakapfuurikidza.

16 Dzose mbeu dzakanaka sechidyo kumunhu; semucherowo wemudzambiringa; idzo

dzinobereka michero, mungave muvhu kana pamusoro pevhu—

17 Zvisinei, gorosi kumunhu, nechibage kumombe, uye mapfunde kumabhiza, nemhunga kuhuku nenguruve, nemhuka dzose dzesango, nerukweza kumhuka dzose dzinoshandiswa, uye nokugadzirisa zvekunwa zviri pakati nepakati, sedzimwe mbeuwo.

18 Uye vose vatendi vanorangarira kuchengeta nekuita zviri kutaurwa izvi vachifamba mukuteerera mirairo, vachagashira “hutano muhura hwavo nemwongo mumapfupa avo;

19 Uye vachawana “ungwaru neupfumi hukuru ^bhweruzivo, kunyangwe upfumi hwakavanzikwa;

20 Uye “vachamhanya uye vasingazoneta, uyezve vachafamba vasingazorukutika.

21 Uye ini Ishe, ndinopa kwa-vari “chivimbiso, kuti ngirozi inoparadza ^bichavapfuura, sevana veIsraeri, uye isingavau-
raye. Amen.

CHIKAMU 90

Zvakazarurwa kuna Joseph Smith Muporofita, zvakapihwa paKirtland, Ohio, 8 Kurume 1833 (History of the Church, 1:329-331). Chakazarurwa chino chinhanho chinoenderera mukumiswa kweHutungamiri Hwekutanga (tarisai misoro yenyaya muchikamu 81); nokudaro vatevedzeri vakataurwa vakagadzwa musi wa18 Kukadzi 1833.

11a NKM Kupakutendo.

12a Gen. 9:3;

Zvaka. 11:1-8.

b I Tim. 4:3-4;

D&Z 49:18-21.

c D&Z 59:20.

14a Dan. 1:6-20.

18a Zir. 3:8.

19a NKM Ungwaru.

b NKM Ruzivo;

Uchapupu.

20a Isa. 40:31.

21a D&Z 84:80.

b Eks. 12:23, 29.

1-5, *Makiyi eumambo anopihwa kuna Joseph Smith uye kuburikidza naye kuChechi*; 6-7, *Sidney Rigdon naFrederick G. Williams vanofanira kushanda muHutungamiri Hwekutanga*; 8-11, *Vhangeri rinofanira kuparidzwa kumarudzi eIsraeri, kuvaJentairi, uye nekumaJuda, wose munhu achizvinzwira mururimi rwake*; 12-18, *Joseph Smith nevatevedzeri vake vanofanira kuronga Chechi*; 19-37, *Vanhu vakasiyana vanorairwa naIshe kuti vafambe zvakatwasanuka uye nokushandira muumambo hwavo.*

VANODARO Ishe, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri mwanakomana wangu, zvitadzo zvako “wazviregererwa, maererano nekuchema kwako, nokuti minamoto yako neminamoto yehama dzaoko yakwira kunzeve dzangu.

2 Nokudaro iwe waropafadzwa, kubvira zvino iwe wakatakura “makiyi eumambo akapihwa kwauri; huri ^bumambo huri kuuya kwenguva yekupedzisira.

3 Zvirokwazvo ndinoti kwauri, makiyi eumambo huno haazombotorwa kubva kwauri, kana uchinge uri panyika, kana munyika ichauya;

4 Zvisinei, kuburikidza newe “zvitaurwa zvichapihwa kune mumwe, hongu, kunyangwe kuchechi.

5 Uye vose vanogashira mashoko aMwari, “ngavachenjere kuti vanoabata sei potse vanga ngoaita kuti aonekwe sechinhu chisina basa, uye vakaunzwa pasi pekutongwa nekuda kwaizvozvo, uye vakagumburwa uye vakapunzika panouya dutu, nemhepo ichivhuvhuta, uye ^bmvura yonaya, nekurova pamba pavo.

6 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kuhama dzako, Sidney Rigdon naFrederick G. Williams, zvitadzo zvavo zvaregererwawo, uye vanoverengwa sevakaenzana newe mukubata makiyi eumambo huno hwekupedzisira;

7 Zvimwechetewo kuburikidza nokutungamira kwako makiyi “echikoro chevaporofita icho chandati chirongwe;

8 Kuti naizvozvo vaitwe vakakwana muhushumiri hwavo kuitira ruponeso rweZioni, uye nekwearudzi eIsraeri, uye nerwevaJentairi, nehuwandu hwavachatenda;

9 Kuti nokuburikidza nekutungamira kwako vagashire shoko, uye kuburikidza nekutungamira kwavo shoko riende kumiganhu yepasi, “kutanga ^bkumajentairi, uye zvino tarisai, uye muone, vachapindukira kuma Juda.

10 Uye zvino kwouya zuva iro

90 1a NKM Regerera.

2a D&Z 65:2.

NKM Kiyi dzeHupirisita.

b NKM Umambo hwaMwari kana Umambo

hweKudenga.

4a Mabasa 7:38; VaR. 3:2; VaH. 5:12; D&Z 124:39, 126.

NKM Huporofita.

5a D&Z 1:14. b Mat. 7:26-27.

7a NKM Chikoro

cheVaporofita.

9a Mat. 19:30; Eta 13:10-12.

b 1 Ni. 13:42; D&Z 107:33; 133:8.

ruoko rwalshe ^arwucharatidzwa musimba mukupwisa marudzi, marudzi emaHedheni, imba ^byaJosefa, nezvehangeri reru-poneso rwavo.

11 Nokuti zvichaitika kuti muzuva iroro, kuti munhu wose ^aachanzwa kuzara kwevhangeri mururimi rwake, uye nemumutauro wake, kuburikidza nekune avo ^bvakagadzwa ^ckusimba iri, nokutungamira kwaMweya ^dMunyaradzi, vadurirwa pavari kuitira kuburitswa pachena kwaJesu Kristu.

12 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndinokupai murairo kuti murambe muri ^amuhushumiri nehutungamiri.

13 Uye kana muchinge mape-dza kududzira zvavaporofita, munobva mabvira ipapo ^aku-tungamira nyaya dzechechi ^bnedzechikoro;

14 Uye kubva nguva nenguva, sezvicharatidzwa naMweya Munyaradzi, muchagashira ^azvakarurwa zvinopetenura ^bzvakanzika zveumambo.

15 Uye nokuronga chechi, uye ^akuverenga ^bnokudzidza, uye nokuziva ose mabhuku akana-ka, uye ^cnemitauro, nendimi, nevanhu.

16 Uye iri ndirorichave basa

renyu uye nechinangwa muu-penyu hwenyu mose, kutunga-mira dare, uye nokuronga dzose nyaya dzechechi ino neumambo.

17 ^aMusanyare, kana kunya-dziswa, asi tsiurwai mukuzvi-da uye ^bnekuzvikudza kwenyu kwose, nokuti zvinounza kute-iwa pamweya yenyu.

18 Rongai dzimba dzenyu, isai kure nemi ^anungo ^bnetsvina.

19 Zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ngakuve nenzvimbo inorongwa, nokukurumidza, kuitira mhuri yemutevedzeri wako nemunyorori, kunyangwe Frederick G. Williams.

20 Uye regai muranda wangu ^aakwegura Joseph Smith, Baba, arambe aine mhuri yake panzvi-mbo paarikugara iyezvino; uye haifanire kutengeswa kudaka-ra muromo walshe wataura.

21 Uye regai mutevedzeri wangu, kunyangwe Sidney ^aRigdon, arambe ari paagere iye zvino kudakara muromo walshe wataura.

22 Regai bishopi atsvake ne-simba kuti awane ^amumiririri, uye ngaave munhu ane ^bupfu-mi hwakaunganidzwa — mu-nhu waMwari, uye werutendo rwakasimba —

10a D&Z 43:23-27;
88:84, 87-92.
b Gen. 49:22-26;
1 Ni. 15:13-14.

11a NKM Basa
reKushumira.
b NKM Akadaidzwa
naMwari; Gadza.
c NKM Hupirisita.
d NKM Munyaradzi.
12a NKM Mushumiri.

13a D&Z 107:91-92.

b NKM Chikoro
cheVaporofita.
14a NKM Zvakazarurwa.
b NKM Zvakavandika
zvaMwari.
15a D&Z 88:76-80, 118;
93:53.
b D&Z 107:99-100;
130:18-19.
c NKM Mutauro.

17a VaR. 1:16; 2 Ni. 6:13.

b D&Z 88:121.
NKM Kudada.
18a D&Z 58:26-29.
NKM Anenungo.
b D&Z 38:42.
20a NKM Smith,
Joseph, Baba.
21a NKM Rigdon, Sidney.
22a D&Z 84:112-113.
b Jak. 2:17-19.

23 Kuti naizvozvo agove anokwanisa kuripa chose chikwereti, kuti imba yekuchengetera yaIshe isave inoshorwa pamberi pevanhu.

24 “Shingirirai kutsvaga, ^bnamatai nguva dzose, uye muve munotenda, uye zvinhu ^czvose zvichashanda pamwechete kukupundutsai, kana mukafamba makatwasanuka uye muchirangarira ^dchibvumirano icho chamakabvumirana.

25 Regai mhuri dzenyu dzive ^adiki, kunyanya yemuranda wangu akwegura Joseph Smith, Baba, semaerano neavo vasiri vemhuri dzenyu;

26 Kuti izvo zvinhu zvamunopihwa, kuti basa rangu riitwe zvirege kutorwa kwamuri uye zvichipihwa kune avo vasingakodzere—

27 Uye naizvozvo motadzi-swa kuita izvo zvinhu zvandakakurairai kuti muite.

28 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, chido changu kuti murandakadzi wangu Vienna Jaques anofanira kugashira mari yekumuyamura, uye kuti akwire kuenda kunyika yeZioni;

29 Uye mari inosara inogona kutsaurirwa kwandiri, uye iye ozopihwa mubairo nenguva yangu.

30 Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti zvakanaka mumaziso angu kuti anofanira kukwira

kuenda kunyika yeZioni, uye kuti agogashira nhaka kubva muruoko rwabhishopi;

31 Kuti agogara murunyararo sekutendeka kwaanenge akaita, uye asave nenungo mumazuva ake kubvira ipapo.

32 Uye tarisai, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti muchanyora murairo uyu, uye moti kuhama dzenyu muZioni, murudo muchikwazisana, kuti ndakudaidzaiwo zvakare kuti ^amutungamire Zioni munguva yangu kana yakwana.

33 Naizvozvo, ngavarege kundinetsa pamusoro penyaya iyi.

34 Tarisai, ndinoti kwamuri, hama dzenyu dziri muZioni dzatanga kutendeuka, uye ngirozi dzinofara pamusoro pavo.

35 Zvisinei, handina kunyatsofadzwa nezvinhu zvakawanda; uye handinyatsofadzwa nemuranda wangu ^aWilliam McLellan, kana nemuranda wangu Sidney Gilbert; uye kana bhishopiwo, uye vamwe vane zvinhu zvizhinji zvakafanira kutendeuka kwazviri.

36 Asi zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kuti ini Ishe, ndichanetsana ^aneZioni, uye ndigonyengetedzana nevakasimba vayo, uye ^bndigoiranga kudakara yakunda uye ^cyachena pamberi pangu.

37 Nokuti haizobviswa munzvimbo mayo. Ini Ishe, ndazvitaure. Amen.

24a NKM Hushingi.
b NKM Munamoto.
c Ezra 8:22; VaR. 8:28;
D&Z 100:15; 122:7–8.
d NKM Chibvumirano.

25a NEMAMWE MAZWI
Varombo avo Joseph
Smith, Baba
vaaichengeta.
32a D&Z 107:91–92.

35a D&Z 66:1; 75:6–9.
36a NKM Zioni.
b NKM Kuranga.
c NKM Chakachena.

CHIKAMU 91

Zvakazarurwa zvakapiwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 9 Kurume 1833 (History of the Church, 1:331–332). Muporofita panguva iyoyi akange ari mubasa rekududzira Testamente yaKare. Asvika pachidimu chiya chezvinyorwa zvakare zvinodaizwa kuti Apokirifa, akabvunza kuna Ishe uye akagashira kurairwa uku.

1–3, Apokirifa yakadudzirwa zvakana kana asi inezvimwe zvakawanda zvakapfekerwa nemaoko evanhu zvisiri zvechokwadi; 4–6, Inoyamura avo vakajekeserwa neMweya.

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe kwamuri pamusoro “peApokirifa — Kune zvinhu zvizhinji zviru mairi zviru zvechokwadi, uye zvizhinji zvacho zvakadudzirwa nemazvo;

2 Kune zvinhu zvizhinji zviru mairi zvisiri zvechokwadi zviru zvinhu zvakapamhidzirwa nemaoko evanhu.

3 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hazvina kukosha kuti Apokirifa idudzirwe.

4 Naizvozvo, uyo anizvake anoiverenga, “ngaanzwisise, nokuti Mweya unoratidza chokwadi.

5 Uye anizvake anojekeserwa “neMweya achawana kupunduka kubvamo;

6 Uye uyo asingagashire neMweya, haangayamurwe. Nokudaro, hazvina basa kuti idudzirwe. Amen.

CHIKAMU 92

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 15 Kurume 1833 (History of the Church, 1:333). Zvakazarurwa izvi zvakanganana naFrederick G. Williams, uyo akange achangobva mukusarudzwa kuti ave mutevedzeri muHutungamiri Hwekutanga.

1–2, Ishe vanopa murairo pamusoro pemapinzirwo emuhurongwa hwemubatanidzwa.

ZVIROKWAZVO vanodaro Ishe, ndinopa hurongwa “hwemubatanidzwa hwakorongwa zvinopindirana nemurairo wakambopihwa kare, chakazarurwa nemurairo zvi-

ri maererano nemuranda wangu Frederick G. Williams, kuti muchamugashira muhurongwa. Zvandinotaura kumumwechete, ndinozvitaure kune vose.

2 Uye zvakare, ndinoti kwauri muranda wangu Frederick G. Williams, uchave wakamuka kwazvo muhurongwa uhwu;

91 1a NKM Apokirifa.
4a NKM Kunzwisisa.
5a NKM Mweya

Mutsvene;
Kutunhwa.
92 1a D&Z 82:11, 15–21.

NKM Hurongwa
hwemubatanidzwa.

uye kana uri wakatendeka mukuchengeta yose mirairo

yandakapa ucharopafadzwa nokusingaperi. Amenii.

CHIKAMU 93

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 6 Chivabvu 1833 (History of the Church, 1:343-346).

1-5, vose avo vakatendeka vachiona Ishe; 6-18, Johane akapupura achiti Mwanakomana waMwari akabva munyasha achienda munyasha kudakara agashira kuzara kwekubwinya kwaBaba; 19-20, Vanhu vakatendeka, vacharamba vachikura munyasha, naivowo vachagashira kuzara kwake; 21-22, Avo vakaberekwa kuburikidza naKristu ndivoChechi yeDangwe; 23-28, Kristu akagashira kuzara kwechokwadi chose, uye munhu kuburikidza nekuteerera anogona kudarowo; 29-32, Munhu akanga aripo pakutanga naMwari; 33-35, Zviumbiswa ndezvoisingaperi, uye munhu anogona kugashira kuzara kwerufaro muKumuka kuvakafa; 36-37, Kubwinya kwaMwari ruzivo; 38-40, Vana havana mhosva pamberi paMwari pamusana perununuro rwaKristu; 41-53, Hama dzinotungamira dzinorairwa kuti dzigadzirise mhuri dzadzo.

nhu wose “anosiya zvitadzo zvake uye ouya kwandiri, ^bnekudaidza zita rangu, ^cnekuteerera izwi rangu, uye achichengeta mirairo yangu, ^dachaona ^echiso changu uye agoziva kuti ndini.

2 Uye kuti ndini “chiedza chechokwadi chinojekesera munhu wose anouya munyika;

3 Nokuti ndiri “munaBaba, uye Baba vari mandiri, Baba neni tiri vamwechete—

4 Baba “pamusana pekuti ^bvakandipa kuzara kwavo, uye Mwanakomana pamusana pekuti ndakanga ndiri munyika uye ndikaita “nyama tabernakeri yangu, uye ndikagara pakati pevanakomana vevanhu.

5 Ndakanga ndiri munyika uye ndikagashirwa naBaba vangu, uye “mabasa avo akaratidzwa pachena.

6 Uye “Johane akaona uye akapupura nokuzara ^bkwekubwinya kwangu, uye kuzara kweuchapupu ^chwaJohane kucharatidzwa pashure.

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe, zvichaitika kuti mu-

93 1a NKM Rutendeuko; Anechiremera.
 b Joere 2:32.
 c NKM Anoteerera.
 d Eks. 33:11;
 D&Z 38:7-8; 67:10-12;
 88:68; 101:23; 130:3.
 NKM Munyaradzi.
 e DJS, I Joh. 4:12.
 2a Joh. 1:4-9;

D&Z 14:9; 84:45-47;
 88:6-7.
 NKM Chiedza,
 Chiedza chaKristu.
 3a Joh. 10:25-38;
 17:20-23;
 D&Z 50:43-45.
 4a Mosaya 15:1-7.
 b NKM Jesu Kristu—
 Mvumo.

c Ruka 1:26-35; 2:4-14;
 3 Ni. 1:12-14;
 Eta 3:14-16.
 5a Joh. 5:36; 10:25;
 14:10-12.
 6a Joh. 1:34.
 b NKM Jesu Kristu—
 Kubwinya kwaJesu
 Kristu.
 c Joh. 20:30-31.

7 Uye akapupura achiti: Nda-kaona kubwinya kwake, kuti akange aripo “pakutanga, nyika isati yavepo;

8 Nokudaro, pakutanga pakanga paine “Izwi, nokuti ndiye aive Izwi, kunyangwe mutumwa weruponeso—

9 “Chiedza ^bnoMununuri wenyika; Mweya wechokwadi, uyo waka uya munyika, nokuti nyika yakaitwa naiye uye maari maive neupenyu hwevanhu uye nechiedza chevanhu.

10 Nyika “dzakaitwa naiye; vanhu vakaitwa naiye, zvose zvinhu zvakaitwa naiye, uye nokuburikidza naiye, uye zvi-chiitwa naiye.

11 Uye ini Johane, ndinopupura kuti ndakaona kubwinya kwake, sekubwinya kwaIyeyo Mumwechete Akaberekwa waBaba, azere nenyasha nechokwadi, kunyangwe Mweya wechokwadi, uyo akauya akagara munyama, uye akagara pakati pedu.

12 Uye ini Johane, ndakaona kuti haana kugashira “kuzara pakutanga, asi akagashira ^bnyasha pane dzimwe nyasha;

13 Uye haana kugashira kuzara pakutanga, asi akaramba ari

“munyasha nenyasha, kudakara agashira kuzara;

14 Uye ndikokudaidzwa kwaakaitwa kunzi “Mwanakomana waMwari, nokuti haana kugashira kuzara pakutanga.

15 Uye ini “Johane, ndinopupura, uye onai, matenga akazuruka uye Mweya ^bMutsvene ukaburuka paari nechiratidzo ‘chenjiva, ukagara paari, uye kukauya izwi richibva kudenga richiti: Uyu Mwanakomana wangu “wandinoda.

16 Uye ini Johane, ndinopupura kuti akagashira kuzara kwekubwinya kwaBaba;

17 Uye akagashira “simba ^brose, kwose kudenga uye nepano pasi, uye kubwinya ‘kwaBaba kwakange kuinaye, nokuti akange agere mavari.

18 Uye zvichaitika kuti, kana muri vanotendeka muchagashira kuzara kweuchapupu hwaJohane.

19 Ndinokupai mashoko aya kuti munzwise nokuziva “kunamata, uye nokuziva chamunonamata, kuti mugouya kuna Baba muzita rangu, uye nenguva yakafanira mugogashira kuzara kwavo.

20 Nokuti kana mukachengeta “mirairo yangu muchagashira

7a Joh. 1:1-3, 14; 17:5;
D&Z 76:39.

8a NKM Jesu Kristu;
Jehova.

9a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
b NKM Mununuri.

10a VaH. 1:1-3;
D&Z 76:24;
Mos. 1:31-33.

12a VaF. 2:6-11.
b Joh. 1:16-17.

13a Ruka 2:52.

14a Ruka 1:31-35;
D&Z 6:21.

NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—
Mwari
Mwanakomana.

15a Joh. 1:29-34.
b NKM Mweya
Mutsvene.

c NKM Njiva,
Chiratidzo che.

d Mat. 3:16-17.

17a NKM Jesu Kristu—
Mvumo; Simba.

b Mat. 28:18; Joh. 17:2;
I Pet. 3:22.

c NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—
Mwari Baba.

19a Joh. 4:21-26; 17:3;
Mabasa 17:22-25.

NKM Kunamata.
20a D&Z 50:28.

^bkuzara kwavo, uye ‘mugobwinya mandiri sezvandiri muna Baba; naizvozvo ndinoti kwamuri, muchagashira “nyasha kunyasha.

21 Uye zvino, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, ndaivepo “pakutanga ndiina Baba, uye ndini ^bDangwe;

22 Uye avo vose vanoberekwa kuburikidza neni, “vagashiri ^bvekubwinya ikoko, uye ndevechechi yeDangwe.

23 Kana nemi maivepo pakutanga “muina Baba; avo vanova mweya, kunyange Mweya wechokwadi;

24 Uye “chokwadi ^bruzivo rwezvinhu sezvazviri, uye nezvazvakange zviri, uye sekuzouya kwazvichaita;

25 Uye chose chose zvacho “chizhinji kana chishoma pane izvi, mweya weuyo akaipa akanga ari ^bmunyepi kubvira pakutanga.

26 Mweya “wechokwadi ndewaMwari. Ndini Mweya wechokwadi, uye Johane akapupura nezvangu, achiti: Akagashira kuzara kwechokwadi,

hongu, kunyangwe kwechokwadi chose;

27 Uye hakuna munhu anogashira “kuzara kunze kwekunge achichengeta mirairo yavo.

28 Uyo “anochengeta mirairo yavo anogashira chokwadi ^bnechiedza, kudakara abwinyiswa muchokwadi uye ave ‘kuziva zvose zvinhu.

29 Munhu naiyewo akanga aripo “pakutanga naMwari. ^bRuzivo kana chiedza chechokwadi, hazvina kusikwa kana kuitwa, uyezve hazvingaitwe.

30 Chose chokwadi chakazvimirira munzvimbo yachakaiswa naMwari, kuti “chizviitire, zvimwechetezvo neruzivo rwesewo, dai zvisirizvo hakuna chingavepo.

31 Tarisai, hokuno “kuzvimiririra kwemunhu, uye hokuno kutongwa kwemunhu, nokuti icho chakanga chiripo kubva pakutanga chanyatsoiswa ^bpachena kwavari, uye havagashire chiedza.

32 Uye wose munhu ane mweya usingagashire “chiedza ari pasi pekutongwa.

20^b Joh. 1:16;
D&Z 84:36–39.
c Joh. 17:4–5, 22.
NKM Munhu—
Munhu, Kugona
kuve saBaba
Vekudenga.
d NKM Nyasha.
21^a Joh. 1:1–2;
I Pet. 1:19–20;
Mos. 4:2.
^b NKM Dangwe.
22^a I Pet. 5:1;
D&Z 133:57.
^b NKM Kubwinya

kweSeresityaro.
23^a NKM Munhu—
Munhu, Mwana
weMweya waBaba
veKudenga.
24^a NKM Chokwadi.
^b NKM Ruzivo.
25^a D&Z 20:35.
^b Joh. 8:44; 2 Ni. 2:18;
Mos. 4:4.
26^a Joh. 14:6.
27^a NKM Kukwana.
28^a NKM Anoteererera.
^b D&Z 50:24; 84:45.
NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.
c Joh. 17:3;
D&Z 88:49, 67.
29^a Abr. 3:18.
NKM Upenyu
hwenyama husati
hwavepo; Munhu.
^b NKM Ungwaru.
30^a 2 Ni. 2:13–27.
31^a NKM Kuzvisarudzira.
^b Deut. 30:11–14;
D&Z 84:23–24.
32^a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu;
Chokwadi.

33 Nokuti munhu “mweya.
^bZviumbiswa ndezvisingaperi,
 uye mweya nezviumbiswa, zva-
 kabatana zvisingapatsanuke,
 zvinogashira kuzara kwerufaro;
 34 Uye kana “zvikapatsanu-
 rwa, munhu haangagashire
 kuzara ^bkwerufaro.

35 “Zviumbiswa ndizvo tabe-
 rnakeri yaMwari, hongu, mu-
 nhu itabernakeri yaMwari, kana
^btemberi; uye kana ipi zvayo
 temberi ikasvibiswa, Mwari
 vachaparadza temberi iyoyo.

36 “Kubwinya kwaMwari ^bizi-
 vo, kana kuti nemamwe mazwi,
^cchiedza nechokwadi.

37 Chiedza nechokwadi zvi-
 nodzinga uyo “akaipa.

38 Wose mweya wemunhu
 wakanga “usina mhosva paku-
 tanga; uye Mwari ^bvanunura
 munhu kubva ^cmukupunzika,
 munhu akave zvakare sepahu-
 cheche hwake, ^dasina mhosva
 pamberi paMwari.

39 Uye uyo akaipa “anouya
 uye obvisa chiedza nechokwa-
 di kuburikidza nekusat eerera,
 kunobva kuvana vevanhu, uye
 nepamusana ^bpetsika dzama-
 dzibaba avo.

40 Asi ndakurairai kuti muku-
 dze “vana venyu muchiedza
 nechokwadi.

41 Asi zvirokwazvo ndinoti
 kwauri, muranda wangu Frede-
 rick G. Williams, waramba uri
 pasi pekutongerwa izvi;

42 Hauna “kudzidzisa vana
 vako chiedza nechokwadi, ma-
 ererano nemirairo, uye uyo
 akaipa achiine simba pauri,
 uye ichi ndichochikonzero che-
 dambudziko rako.

43 Uye zvino ndinokupa mu-
 rairo—kana ukasasunungurwa
 “uchagadzirisa imba yako, no-
 kuti mune zvinhu zvizhinji
 zvisina kunaka mumba mako.

44 Zvirokwazvo ndinoti
 kumuranda wangu Sidney
 Rigdon, kuti mune zvimwe
 zvinhu haana kuchengeta mi-
 rairo maererano nevana vake;
 naizvozvo, tanga wagadzirisa
 imba yako.

45 Zvirokwazvo, ndinoti ku-
 muranda wangu Joseph Smith,
 Mwana, kana kuti nemamwe
 mazwi, ndichakudaidzai kuti
 “shamwari dzangu, nokuti
 muri shamwari dzangu, uye
 muchave nenhaka neni—

33a D&Z 77:2;
 Abr. 5:7-8.
 NKM Munhu—
 Munhu, Mwana
 weMweya waBaba
 veKudenga.
 b D&Z 131:7-8; 138:17.
 NKM Kumuka
 Kuvakafa.
 34a 2 Ni. 9:8-10.
 b NKM Rufaro.
 35a D&Z 130:22.
 b I VaKori. 3:16-17.
 36a NKM Kubwinya; Jesu
 Kristu—Kubwinya

kwaJesu Kristu.
 b D&Z 130:18-19;
 Abr. 3:19.
 NKM Ungwaru.
 c D&Z 88:6-13.
 37a Mos. 1:12-16.
 NKM Dhiabhorosi.
 38a NKM Asina mhosva.
 b Mosaya 27:24-26;
 Mos. 5:9;
 Mis. yeCh. 1:3.
 NKM Akanunura.
 c NKM Kupunzika
 kwaAdama naEva.
 d Moro. 8:8, 12, 22;

D&Z 29:46-47.
 NKM Ruponeso—
 Ruponeso rwevana.
 39a Mat. 13:18-19;
 II VaKori. 4:3-4;
 Aruma 12:9-11.
 b Ezk. 20:18-19;
 Aruma 3:8.
 NKM Tsika.
 40a NKM Mhuri—
 Mabasa evabereki.
 42a I Sam. 3:11-13;
 D&Z 68:25-31.
 43a I Tim. 3:4-5.
 45a D&Z 84:63; 88:62.

46 Ndakakudaidzai kuti “varanda pamusana penyika, uye muri varanda vavo pamusana pangu—

47 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kuna Joseph Smith, Mwana—Hauna kuchengeta mirairo, uye unofanira “kutsiurwa pamberi palshe;

48 “Mhuri yako inofanira kuti itendeuke uye isiye zvimwe zvinhu, uye itore hanya zvikuru kune zvaunotaura, kana kuti votobviswa kubva panzvimbo yavo.

49 Chandinotaura kune mwechete ndinotaura kune vose; “namatai nguva dzose potse uyo akaipa angawane simba pamuri, uye akakubvisai panzvimbo dzenyu.

50 Muranda wanguwo Newel K. Whitney, bhishopi wechechi yangu, anofanira kurangwa, uye agadzirise mhuri yake, uye aone kuti vanoshingaira uye nekuve nehanya nemisha yavo kumba uye vachinamata nguva dzose, kana kuti vangazobviswa “panzvimbo yavo.

51 Zvino, ndinoti kwamuri, shamwari dzangu, regai muranda wangu Sidney Rigdon aende kurwendo rwake, akurumidze, ashambadze gore ralshe “rakanaka, nevhangeri reruponeso, sekumupa kwandichaita zvekutaura; kuburikidza nemunamato wenyu werutendo nekubvumirana pamwechete ndichamutsigira.

52 Uye regai varanda vangu Joseph Smith, Mwana, naFrederick G. Williams vakurumidzewo, uye zvichapihwa kwavari kunyangwe maererano nemunamato werutendo; maererano nekuchengeta kwamunoita zvan dinotaura hamuzonyadziswa munyika muno, kana munyika ichauya.

53 Uye, zvirokwazvo ndinoti kwauri, kuti chido changu kuti ukurumidze “kududzira magwaro matsvene angu, ^bnokuwana ^cruzivo rwenhorondo, nerwenyika, nerweumambo, rwemitemo yaMwari nemunhu, zvose izvi kuitira kuponeswa kweZioni. Amenii.

CHIKAMU 94

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 6 Chivabvu 1833 (History of the Church, 1:346–347). Hyrum Smith, Reynolds Cahoon, naJared Carter vanodomwa kuti vave muchita cheruvako rweChechi.

1–9, Ishe vanopa murairo uri maererano nekumiswa kwemba yebasa reHutungamiri; 10–12, Imba yeku-

dhindira yakafanira kuwakwa; 13–17, Dzimwe nhaka dzinopihwa.

46a Zvaka. 25:55;
1 Ni. 21:3–8.
NKM Rubatsiro.
47a D&Z 95:1–2.
NKM Kuranga.

48a NKM Mhuri—
Mabasa emwana.
49a 3 Ni. 18:15–21.
50a D&Z 64:40.
51a Ruka 4:19.

53a NKM Dudziro
yaJoseph Smith (DJS).
^b D&Z 88:76–80, 118.
^c NKM Ruzivo.

UYE zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, “shamwari dzangu, ndinokupai murairo, kuti mutange basa rekuhwarika uye nokugadzirira pekutangira uye nehwaro hweguta^brehoko yeZioni, muno munyika yeKirtland, kutangira paimba yangu.

2 Uye tarisai, zvakafanira kuitwa maererano “nemutowo wandakupai.

3 Uye itai kuti nzvimbo yekutanga nechekuchamhembe itsaurirwe kwandiri kuti pavakwe imba yevatungamiri, kuitira basa “revatungamiri, mukuwana zvakazarurwa; uye nokuitira basa rehushumiri hwevatungamiri, muzvinhu zvose zviriri maererano nechechi neumambo.

4 Zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, kuti ichavakwa iri makumi mashanu anemashanu nemakumi matanhatu anemashanu ezvinhano mukupamhama uye nemukureba, nechemukati.

5 Uye kuchave nedare remhova repazasi uye nerepamusoro, maererano nemutowo wamuchapihwa mushure meizvi.

6 Uye ichapirwa kuna Ishe kubvira ichiri pahwaro hwayo, maererano nehurongwa hwehupirisita maererano nemutowo wamuchapihwa pano.

7 Uye ichapirwa yose zvayo kuna Ishe kuitira basa revatungamiri.

8 Uye hamufanire kubvumira

chero chinhu chose “chisina kuchena kuti chipinde mairi; uye^bkubwinya kwangu kuchavepo, uye ini ndichavepo.

9 Asi kana kukauya “chisina kuchena, kubwinya kwangu hakuzovepo; uye ini handizopinda mairi.

10 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, nzvimbo yechipiri kuchamhembe ichapirwa kwandiri, muchaitirwa basa “rekudhindira^bzvakadzirwa zvemagwaro angu matsvene, uye nezvinhu zvose zvose zvazvo zvandichakutaurirai.

11 Uye ichave zvinhano makumi mashanu nemashanu nemakumi matanhatu ane zvinhano zvishanu mukupamhama uye nemukumba kwayo, nechemukati uye muchave nezvimbo yepasi neyepamusoro.

12 Imba iyi ichapirwa yose kuna Ishe kubvira pahwaro hwayo, mubasa rekudhinda, muzvinhu zvose zvazvo zvandichakuudzai, kuti ive tsvene isina tsvina, maererano nemutowo muzvinhu zvose sekupihwa kwazvichaitwa kwamuri.

13 Panzvimbo yechitatu muranda wangu Hyrum Smith ndipo paachagashira nhaka yake.

14 Panzvimbo yekutanga neyechipiri kumaodzanyemba varanda vangu Reynolds Cahoon naJared Carter ndipo pavachagashira nhaka dzavo—

15 Kuti vaite basa randakapa kwavari, kuti vave dare rekuva-

94 1a D&Z 93:45.

b NKM Hoko.

2a D&Z 52:14–15.

3a D&Z 107:9, 22.

8a Ruka 19:45–46;

D&Z 109:16–20.

b I Madz. 8:10–11.

NKM Kubwinya.

9a D&Z 97:15–17.

10a D&Z 104:58–59.

b NKM Dudziro

yaJoseph Smith (DJS).

ka dzimba dzangu, maererano nemurairo uyo ini Ishe Mwari, wandakakupai.

16 Idzi dzimba mbiri hadziva-

kwe kudakara ndapa kwamuri murairo pamusoro padzo.

17 Zvino handichakupai zvime panguva ino. Amen.

CHIKAMU 95

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza na Joseph Smith Muporofita, pa-Kirtkand, Ohio, 1 Chikumi 1833 (History of the Church, 1:350–352). Chakazarurwa chino kuenderera mberi kwemirairo mitsvene yekuvakwa kwedzimba dzekunamatira nokudzidziswa, kunyanya imba yaIshe (onai chikamu 88:119–136 uye nechikamu 94).

1–6, *Vatendi vanorangwa pamusana pekutadza kwavo kuvaka imba yaIshe; 7–10, Ishe vanoda kushandisa imba yavo kuti vape vanhu vavo masimba anobva kumusoro; 11–17, Imba ichakumikidzwa senzvimbo yekunamata, uye sechikoro cheVaapositori.*

ZVIROKWAZVO vanodaro Ishe kwamuri imi vandinoda, uye avo vandinoda “ndinorangawo kuti zvitadzo zvavo ^bzvigoregererwa, nokuti nokuranga ndinogadzira nzira “yekubviswa kwavo muzvinhu zvose kubva ^d“mukuyedzwa, uye ndakakudai—

2 Nokudaro, munofanira kurangwa uye mugomira makatsiurwa pameso pangu;

3 Nokuti makanditadzira chitadzo chakaipa zvikuru, mu-

kuti hamuna kufunga murairo mukuru muzvinhu zvose, uyo wandakakupai maererano nokuvakwa ^a“kwemba yangu;

4 Yekugadzirira uko kwandakaronga kuti ndigadzirire vaapositori vangu kuti ^a“vakanhurire munda wangu wemizambiringa kwenguva yekupedzisira, kuti ndigoita kuti chiitiko changu ^bchinoshamisa chiitike, kuti ^cndigodira Mweya wangu panyama yose—

5 Asi tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kune vazhinji vakagadzwa pakati penyu, vandakaidza asi vashoma vavo ^a“vakasarudzwa.

6 Avo vasina kusarudzwa vakatadza chitadzo chakaipa kwazvo, mukuti vari kufamba ^a“murima masikati.

7 Uye nechikonzero ichi nda-

95 1a Deut. 11:1–8;

Zir. 13:18;

VaH. 12:5–11;

Hir. 15:3;

D&Z 101:4–5; 105:6.

NKM Kuranga.

^b NKM Regerera.

^c I VaKori. 10:13.

^d NKM Chiedzo.

3a Hag. 1:7–11;

D&Z 88:119.

NKM Temberi, Imba yaIshe.

4a Jak. 5:61–75;

D&Z 24:19; 33:3–4.

NKM Munda wemizambiringa waIshe.

^b Isa. 28:21;

D&Z 101:95.

^c Zir. 1:23;

Joere 2:28;

D&Z 19:38.

NKM Zvipo

zveMweya; Mweya Mutsvene.

5a Mat. 20:16;

D&Z 105:35–37;

121:34–40.

NKM Sarudzo.

6a NKM Rima,

zveMweya.

kakupai murairo kuti munofanira kudaidzira gungano renyu ^arinoyera, kuti ^bkutsanya kwenyu nokuchema kwenyu ku-kwire kunzeve dzalshe ^cwe-Sabaoti, vanonzi pakududzira, ^dmusiki wezuva rekutanga, mavambo nemagumo.

8 Hongu, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndakapa kwamuri murairo kuti munofanira kuvaka imba, imba inove yandakaronga kuti, ^andigopira avo vandakasarudza masimba anobva kumusoro;

9 Nokuti ichi ^andichochivimbiso chaBaba kwamuri; naizvozvo ndinokurairai mugare, kuti kunyangwe sevaapositori vangu paJerusarema.

10 Zvisinei varanda vangu vakatadza nechitadzo chakaipa kwazvo; uye kukamuka ^akusawirirana ^bmuchikoro chemaporo-fita; uko kwakandishungurudza zvikuru, vanodaro Ishe venyu; nokudaro ndakavatumira kuti vanorangwa.

11 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, chido changu kuti muvake imba. Kana mukachengeta mirairo yangu muchawana simba rekuivaka.

12 Kana ^amusingachengete mirairo yangu, ^brudo rwaBaba harwurambe rwinemi, nokudaro muchafamba murima.

13 Zvino houno ungaru, uye nepfungwa dzalshe—imba ngaivakwe, kwete nenzira yenyika, nokuti handipe kwamuri kuti mugogara nenzira yemunyika;

14 Naizvozvo, ngaivakwe, maererano nenzira yandichakuratidzai kune vatatu venyu, vamuchadoma mugovagadza musimba iri.

15 Uye kukura kwayo kuchave zvinhanu makumi mashanu neshanu hupamhi, uye yoita makumi matanhatu neshanu ezvinhanu kureba, munzvimbo yemukati.

16 Uye regai chikamu chepasi, chenzvimbo yemukati, chikumikidzwe kwandiri, kuitira kupira sakaramende kwenyu uye nokuparidza kwenyu, uye nokutsanya, uye nokunamata, uye ^anokuunza kwenyu zvido zvenyu zvitsvene kwandiri, vanodaro Ishe.

17 Uye moita kuti nzvimbo yepamusoro pemba yemukati ipirwe kwandiri kuti ive chikoro chavaapositori vangu, anodaro Mwanakomana ^aAmani; kana kuti nemamwe mazwi Arfasi kana kuti nemamwe mazwi; Omegasi; kunyangwe Jesu Kristu ^bIshe venyu. Amen.

7a D&Z 88:70, 74-82,
117-120.

b NKM Kutsanya.

c NKM Jehova.

d NKM Sika.

8a D&Z 38:32; 39:15;

43:16; 110:9-10.

NKM Endawumenti.

9a Ruka 24:49.

10a NKM Gakava.

b NKM Chikoro
cheVaporofita.

12a Joh. 15:10.

b I Joh. 2:10, 15.

16a D&Z 59:9-14.

17a D&Z 78:20.

b NKM Ishe.

CHIKAMU 96

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, zvinoratidza kurongwa kweguta kana hoko yeZioni paKirtland, Ohio, 4 Chikumi 1833, semufananidzo kuVatendi muKirtland (History of the Church, 1:352-353). Paive pamuchechi mukuru wevapirisita vepamusoro, uye nhau huru yaitaurwa yaive yekutengesa dzimwe nzvimbo, dzaizivikanwa nokunzi purazi yaFrench, yaive yeChechi pedyo neKirtland. Sezvo muचेchi mukuru wakatadza kubvumirana kuti ndiani angatore, vose vakabvumirana kuti vabvunze Ishe maererano nenyaya iyi.

1, Hoko yeKirtland muZioni inofanira kusimbiswa; 2-5, Bhishopi anofanira kugovanisa nhaka yeVatendi; 6-9, John Johnson achave nhengo yehurongwa hwemubatanidzwa.

TARISAI, ndinoti kwamuri, houno ungaru, uhwo hwunoita kuti muzive zvekuita maererano nenyaya iyi, nokuti zvakanaka kwandiri kuti ^ahoko iyi yandaisa kuitira simba reZioni ive inosimbiswa.

2 Nokudaro, regai muranda wangu Newel K. Whitney atore nzvimbo iyoyi iyo yakadaidzwa pakati penyuru, pandiri kuda kuvakira imba yangu tsvene.

3 Uye zvakare, ngaidimurwedimurwe, maererano neungwaru, kuyamura avo vari kutsvakanhaka, sezvinenge zvakabvumiranwa mudare pakati penyuru.

4 Nokudaro, onai kuti matarisa nyaya iyi, uye icho chidimu icho chinofanirwa kuvapo kuti chibatsire ^ahurongwa hwangu kuitira chinangwa chekuunza shoko rangurungwa kuvana vevanhu.

5 Nokuti tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ichi ndicho chakanyanya kufanira mandiri, kuti shoko rangurungwa riende kuvana vevanhu, nechinangwa chekukunda mwoyo yevana vevanhu kuitira kuti zvikuunakirei. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

6 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ungaru uye zvakanakira kwandiri, kuti muranda wangu John Johnson, uyo ane mupiro wandabvuma, uye ane minamoto yandanzwa, kwaari ndinopa chivimbiso cheupenyu hwokusingaperi kana ari anochengeta mirairo yangurungwa kuvira zvino—

7 Nokuti chizvarwa ^achaJosefa uye ari mugashiri wemaropafadzo echivimbiso chakaitwa kumadzibaba ake—

8 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, zvakanaka kwandiri kuti ave nhengo yehurongwa, kuti agoyamura mukuunza shoko rangurungwa kuvana vevanhu.

9 Naizvozvo muchamugadza mumaropafadzo aya, uye achatsvaka nokushingaira kuti abvi-

96 1a Isa. 33:20; 54:2.

NKM Hoko.

4a D&Z 78:3-4.

NKM Hurongwa
hwemubatanidzwa.

7a NKM Josefa,

Mwanakomana
waJakobo.

se zvibinga mupinyi zvose zviri pamba zvakataurwa pakati pe-

nyu, kuti agogara mairi. Kuningangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 97

Zvakazarurwa zvapakihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio 2 Nyamavhuvhu 1833 (History of the Church, 1:400-402). Chakazarurwa chino chinotaura kunyanya nezvenyaya dzeVatendi vari muZioni, muRuwa rweJackson, Missouri, semhinduro kumbvunzo yeMuporofita kuna Ishe. Nhengo dzeChechi kuMissouri panguva iyoyi dzakanga dziri mukati mekutambudzwa kukuru uye, 23 Chikunguru 1833, dzakanga dzamanikidzwa kusaina chibvumirano chekuti dzibve kuRuwa rweJackson.

1-2, Vazhinji veVatendi muZioni (muRuwa rweJackson, Missouri) vanoropafadzwa pamusoro pekutendeke kwavo; 3-5, Parley P. Pratt anotendwa pamusana pekushanda kwake muchikoro chiri muZioni; 6-9, Avo vanochengeta zvibvumirano zvavo vanotambirwa naIshe; 10-17, Imba ichave inovakwa muZioni umo vakachena mumwoyo vachaona Mwari; 18-21, Zioni ndiyo yakachena mumwoyo; 22-28, Zioni ichapunyuka shamu yaIshe kana iri yakatendeke.

ZVIROKWAZVO ndinoti kwamuri shamwari dzangu, ndinotaura kwamuri nezwi rangu, kunyangwe izwi reMweya wangu, kuti ndiratidze kwamuri chido changu pamusoro pehama dzenyu dziri munyika "yeZioni, vazhinji vavo vanove vakazvinipisa zvechokwadi uye vachitsvaka nokushingaira kuti vadzidze unguwaru uye nokutsvaka chokwadi.

2 Zvirokwazvo, zvirokwazvo

ndinoti kwamuri, vakaropafadzwa ivavo, nokuti vachawana; nokuti ini Ishe ndinoratidza tsi-tsi kune vose "vakazvirereka, uye nepane vose zvavo vandinoda, kuitira kuti ndigowana kodzero apo pandichavaunza mukuzotongwa.

3 Tarisai, ndinoti kwamuri, maererano "nechikoro chiri muZioni, ini Ishe ndinofara chizvo kuti muve nechikoro muZioni, uye nemuranda wangu^bParley P. Pratt, nokuti anogara mandiri.

4 Uye kana akaramba agere mandiri acharamba achitungamira chikoro munyika yeZioni kudakara ndapa kwaari mimwe mirairo.

5 Uye ndichamuropafadza nemaropafadzo akapetwa kakawanda, mukutsanangura magwaro matsvene ose uye nezvakavanzika mukusimbiswa kwechikoro, uye nekwechechi muZioni.

6 Uye kune vanosara vechiko-

97 1a NKM Zioni.
2a Mat. 5:5;
Mosaya 3:19.

3a NKM Chikoro
cheVaporofita.
b NKM Pratt, Parley

Parker.

ro, ini Ishe ndinoda kuratidza tsitsi, zvisinei, kune avo vanofanira ^akurangwa, mabasa avo achaitwa kuti azivikanwe.

7 ^aDemo raiswa pamudzi yemiti; uye wose muti usingaunze ^bMichero yakanaka uchatemwa wokandwa mumoto. Ini Ishe, ndazvitauro.

8 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, vose vari pakati pavo vanoziwa kuti ^amwoyo yavo ^binovimbika, uye yakatyoka, uye mweya yavo yakazvirereka, uye ^cvanoda kuchengeta zvi-bvumirano ^anemupiro yavo—hongu, wose mupiro uyo ini Ishe, wandichataura—^cvanotambirwa neni.

9 Nokuti ini Ishe, ndichaita kuti vabereke semuti unobereka kwazvo wakadyarwa mumunda wakanaka, pedyo nerukova rwakachena, unounza michero mizhinji yakanaka.

10 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kuti chido changu kuti ^aimba inofanira kuvakwa kwandiri munyika yeZioni, ^bnemutowo wandakakupai.

11 Hongu, ngaivakwe nokukurumidza, nechegumi chevanhu vangu.

12 Tarisai, ichi ^andichohegumi uye nekuzvipira ukwo ini

Ishe, kwandinoda kubva mu-maoko avo, kuti kuve ^bnemba inovakwa kwandiri kuti kuve neruponeso rweZioni—

13 Kuitira nzvimbo ^ayekupa kutenda yevatendi vose, uye nzvimbo yekudzidziswa kune avo vose vakadaidzwa kubasa rekuhushumiri mukudaidzwa kwavo kwose kwakasiyana-siyana nezvigarro;

14 Kutivave vakakwana ^amun-kunzwisisa hushumiri hwavo, mupfungwa, mumitemo, uye nemudzidziso, muzvinhu zvose zviri maererano ^bneumambo hwaMwari pano pasi, ^cmakiyi eumambo uhu akaiswa pamuri.

15 Sekuvaka kunenge kwaita vanhu vangu imba kwandiri muzita raIshe vorega kubvumira kana chipi zvacho chinhu ^achisina kuchena kuti chiuye mairi kuti isasvibiswe, ^bkubwinya kwangu kuchagara pamusoro payo.

16 Hongu, uye ^andichavepo, nokuti ndichauya kwairi uye vose ^bvakachena mumwoyo vachauya kwairi vachaona Mwari.

17 Asi kana iri yasvibiswa handiuye mairi, uye kubwinya kwangu hakuzovemo; nokuti handiuye kutemberi dzisiri tsvene.

6a NKM Kuranga.

7a Mat. 3:10.

^b Ruka 6:43-45;

Aruma 5:36, 52;

3 Ni. 14:15-20.

8a NKM Mwoyo

Wakatyoka.

^b NKM Anovimbika.

^c D&Z 64:34.

^d NKM Kupira.

^e D&Z 52:15; 132:50.

10a D&Z 57:3; 88:119;

124:51.

^b D&Z 115:14-16.

12a NKM Chegumi.

^b NKM Temberi, Imba

yaIshe.

13a NKM Kupakutendo.

14a NKM Kunzwisisa.

^b NKM Umambo

hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

^c NKM Kiyi
dzeHupirisita.

15a D&Z 94:9; 109:20-21.

^b Hag. 2:7;

D&Z 84:5.

16a D&Z 110:1-10.

^b Mat. 5:8;

D&Z 67:10-13; 88:68.

NKM Chakachena.

18 Uye zvino, tarisai kana Zioni ikaita zvinhu izvi “ichabudirira, uye igozvitambanudza uye igokudzwa zvikuru, iine mbiri kwazvo, uye ichtiyisa zvikuru.

19 Uye “marudzi epasi achai-kudza, uye achati: Chokwadi ^bZioni iguta raMwari vedu, uye chokwadi Zioni haingapunzike, kana kubviswa panzvimbopayo, nokuti ndipo panaMwari, uye neruoko rwaIshe rwuripo.

20 Uye vakapika nesimba rehukuru hwavo kuti vave ruponeso rwayo “neshongwe refu yaro.

21 Naizvozvo, zvirokwazvo, vanodaro Ishe, Zioni ngaifare, nokuti ino “ndiyoZioni—VAKACHENA MUMWOYO; nokudaro regai Zioni ifare, vose vakaipa vachachema.

22 Nokuti tarisai, uye muone, “kudzorera kunouya nokukurumidza kune vasina humwari sechamupupuri; uye ndiani achachipunyuka?

23 Uye “shamu yaIshe ichapfura neusiku uye namasikati, uye

zvichataurwa ipapo zvichanetsa vanhu vose; hongu, haizomiswa kudakara Ishe vauya;

24 Nokuti kugumbuka kwaIshe kwakatungidzirwa kuipa kwavo uye nokuipa kwemabasa avo ose.

25 Zvisinei, Zioni “ichapunyuka kana ikacherechedza kuita zvose zvinhu zviriri zvipi zvazvo zvandakairaira.

26 Asi kana ikasacherechedza kuita chose zvacho chandakairaira, “ndichaishanyira maererano nemabasa ayo ose, nedambudziko rakaoma, ^bnezvirwere, nehosha, nemunondo, ^cnekutsiva, nemoto ^dunoparadza.

27 Zvisinei ngazviverengwe kamwechete aka kunzeve dzayo, kuti ini Ishe, ndatambira kupira kwayo; uye ikasatadza zvakare, “hapana chimwechete chezvinhu izvi chichauya pairi;

28 Uye “ndichairopafadza namaropafadzo, uye ndigopeta ndapetazve maropafadzo akawanda pairi, uye nepazvizvarwa zvayo nariini nariini, vanodaro Mwari wenyu. Amenii.

CHIKAMU 98

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirland, Ohio, 6 Nyamavhuwuhu 1833 (History of the Church, 1:403–406). Chakazarurwa ichi chakauya pamusoro pekutambudzwa kweVatendi muMissouri. Zvakanga zvichinzwisika kuti Vatendi mu-Missouri, vatambudzwa varasikirwa nezvinhu, vanganzwe kuda kudzorera

18a D&Z 90:24; 100:15.

19a Isa. 60:14;

Zek. 2:10–12;

D&Z 45:66–70; 49:10.

^b NKM Jerusarema

Idzva.

20a II Sam. 22:3.

21a Mos. 7:18.

NKM Chakachena;
Zioni.

22a NKM Kutsividza.

23a Isa. 28:14–19;

D&Z 45:31.

25a 2 Ni. 6:13–18;

D&Z 63:34;

JS—Mat. 1:20.

26a D&Z 84:54–59.

^b Ruka 21:10–13.

^c Mara. 4:1–3;

3 Ni. 21:20–21.

^d Joere 1:15–20.

27a Ezk. 18:27.

28a NKM Kuropafadzwa.

nekutsivida. Nokudaro, Ishe vakapa chakazarurwa ichi. Kana dai zva-wo mamwe mashoko ezvemambudziko ekuMissouri akanga atosvika kuMuporofita muKirtland (chinhambwe chemazana mapfumbamwe emamaira) kuipa kwezvinhu kwaitokwanisa kuzivikanwa naye pazuva iri, kuburikidza chete nekuzarurirwa.

1-3, Kutambudzwa kweVatendi kuchave kwakanakira ivo; 4-8, Vatendi vanofanira kushamwari-dzana nebumbiro remutemo venyika; 9-10, Varume vanovimbika, vanoruzivo, nevarume vakanaka vanofanira kutsigirwa muharumende yezvenyika; 11-15, Avo vanopira upenyu hwawo mbasa raIshe vachave neupenyu hwokusingaperi; 16-18, Rambai hondo, mushambadze runyararo; 19-22, Vatendi vari muKirtland vanotsuurwa, nekuudzwa kuti vatendeuke; 23-32, Ishe vanoratidza mitemo yavo inotonga kutambudzwa nokunetswa kwakaiswa pavanhu vavo; 33-38, Hondo inorevererwa chete kana yataurwa naIshe; 39-48, Vatendi vanofanira kuregerera vavengi vavo, avo vekuti, kana vatendeuka, vanozopunyukawo kudzorera kwaIshe.

ZVIROKWAZVO ndinoti kwamuri shamwari dzangu, "musatye, mwoyo yenyu ngainyaradzwe; hongu farai nokusingaperi, nemuchinhu chose ipai^b kutenda;

2 "Mirirai nemwoyo murefu pana Ishe, nokuti minamoto yenyu yapinda munzeve dza-Ishe weSabaoti, ikanyorwa nechisimbiso ichi nechisungo—

Ishe vapika uye vakadzika kuti vachapihwa.

3 Naizvozvo, vanopa chivimbiso ichi kwamuri, nechibvumirano chisingagone kupindurwa kuti zvichazadzikiswa; zvole zvinhu "zvamakatabudzwa nazvo zvichashanda pamwechete kuitira kupunduka kwenyu, nokubwinya kwezita rangu, vanodaro Ishe.

4 Uye nazvino, zvirokwasvo ndinoti kwamuri nezvemitemo yenyika, chido changu kuti vanhu vangu vanofanira kucherchedza nokuita zvole zvinhu zvipi zvazvo zvandinovaraira.

5 Uye "mutemo iwoyo wenyika uri^b bumbiro remitemo, uchitsigira hurongwa hwerusununguko mukuchengetedza kodzero nezvaunokodzera, ndewe vanhu vole, uye zvinonatsika pamberi pangu.

6 Nokudaro ini Ishe, ndinokureverera, uye nevazvarwa vako vechechi yangu, mukushamwaridzana nemutemo uyo unove ndiwobumbiro remutemo wenyika;

7 Uye maererano nemutemo wemunhu, chipi zvacho chizhinji kana chishoma pane izvi chinouya nehuipe.

98 1a D&Z 68:6.
b NKM Kupakutendo.
2a Mpi. 27:14;
Isa. 30:18-19;
D&Z 133:45.

3a D&Z 122:7.
NKM Matambudziko.
5a I Pet. 2:13-14;
D&Z 58:21; 134:5.
b D&Z 101:77-80;

109:54.
NKM Bumbiro
remutemo;
Rusununguko.

8 Ini Ishe Mwari, ndinokuitai kuti “musununguke, nokudaro masununguka zvechokwadi; uye nemutemo unoitawo kuti musununguke.

9 Zvisinei, kana “vakaipa vachitonga vanhu vanochemba.

10 Nokudaro, varume “vaka-vimbika uye nevarume vakangwara vanofanira kutsvagwa nesimba, uye vanhu vakanaka nevanhu vakangwara munofanira kuvacherechedza kuti muvatsigire; nokuti chose chishoma pane izvi chinobva kune wakaipa.

11 Uye ndinopa kwamuri murairo, kuti munofanira kusiya kuipa kwose uye mugobatirira pane zvose zvakanaka, kuti mugorarama “neshoko rose rinobva mumuromo waMwari.

12 Nokuti “achapa kune vanotendeka mutsetse nemutsetse uye mutemo nemutemo; uye ^bndichakuedzai nokukusimbisai naizvozvi.

13 Uye ani zvake “anopira upenyu hwake mubasa rangu, nekuda kwezita rangu achahuwana zvakare, kunyangwe upenyu hwokusingaperi.

14 Nokudaro, “musatye vavengei venyu, nokuti ndadzika mumwoyo mangu, vanodaro Ishe, kuti ^bndichakuedzai muzvinhu

zvose, kuti muchagara here muchibvumirano changu, kunyangwe kusvika ‘pakufa. Kutu muwanikwe makakodzera.

15 Nokuti kana musingagare muchibvumirano changu hamukodzere kuve vangu.

16 Nokudaro, “rambai ^bhondo uye muparidze ‘runyararo, uye musingaire kutsvaka kuti “mutendeutsire mwoyo yevana kumadzibaba, uye nemwoyo yemadzibaba kuvana;

17 Uye zvakare, mwoyo yeva-Juda kuvaporofita, uye maporofita “kuvaJuda; nokuti ndingazouya ndikarova nyika yose nechituko, uye yose nyama ikapera pamberi pangu.

18 Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika; nokuti mumba mababa vangu mune dzimba “dzakawanda, uye ndakakugadzirirai nzvimbo, uye pana Baba vangu neni ipapo ndipopamuchavewo.

19 Tarisai, ini Ishe handinyatsofara nevazhinji vari muchechi kuKirtland;

20 Nokuti havasikusiya zvitadzo zvavo, uye nenzira dzavo dzakaipa, kuzvikudza kwemwoyo yavo, uye noruchira rwavo, uye nezvinhu zvavo zvose zvakashoreka, uye noku-cherechedza mashoko eungwa-

8a Joh. 8:32;
II VaKori. 3:17.
NKM Kuzvisarudzira;
Kusununguka.

9a Zir. 29:2.

10a NKM Anovimbika.

11a Deut. 8:3; Mat. 4:4;
D&Z 84:43-44.

12a Isa. 28:10;
D&Z 42:61.

^b Abr. 3:25-26.

13a Ruka 9:24;
D&Z 101:35-38;
103:27-28.

NKM Kuponderwa
Chitendero.

14a Neh. 4:14; D&Z 122:9.
^b D&Z 124:55.

^c Zvaka. 2:10;
D&Z 136:31, 39.

16a Aruma 48:14.

NKM Muyanani.

^b NKM Hondo.

^c NKM Runyararo.

^d Mara. 4:5-6;

D&Z 2:1-2.

17a NKM maJuda.

18a Joh. 14:2;

D&Z 59:2;
76:111; 81:6.

ru neupenyu hwokusingaperi hwandakavapa.

21 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kuti ini Ishe, “ndichavaranga uye ndichaita zvose zvandinenge ndada, kana vasingatendeuke uye vachicherechedza zvinhu zvose izvo zvandakataura kwavari.

22 Uye zvakare ndinoti kwamuri kana “mukacherechedza kuita chose chandinokurairai, ini Ishe, ndichabvisa kwose kushatirwa uye nokugumbuka kubva kwamuri, uye ^bmisuwo yegehena haizokumirirai.

23 Zvino, ndinotaura kwamuri pamusoro pemhuri dzenyu—kana vanhu “vakakurovai, kana mhuri dzenyu, kamwechete, uye nemwoyo murefu chinyararire, uye mukasadzorera, kana kutsvaka kutsiva, muchawana mubairo;

24 Asi mukasava nemwoyo murefu, zvichatorwa kwamuri “sekupihwa kuyananiwa wakafanira kwamuri.

25 Uye zvakare, kana muvengi wenyu akakurovai kechipiri, uye imi mukasamudzosera muvengi wenyu, uye mukazvitora nemwoyo murefu, mubairo wenyu uchave wakapetwa kazana.

26 Uye zvakare, kana akakurovai kechitatu, uye imi mukazvitora “nemwoyo murefu; mubairo wenyu uchapetwa kaviri kwamuri;

27 Uye uchapupu hutatu uhwu

huchamira huchipokana nemuvengi wenyu kana asina kuteendeuka, uye hauzodzimwa.

28 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kana muvengi uya akapunyuka kutsiva kwangu, kuti asatorwe mukutongwa pamberi pangu, zvino muchaona kuti “mamuyambira muzita rangu, kuti asazouya pamuri zvakare, kana pamhuri yenyu, kunyangwe vana vevana venyu kusvikira kuchizvarwa chechitatu nechina.

29 Uye zvino, kana akauya pamuri kana kuvana venyu, kana kuvana vevana venyu kusvikira kuchizvarwa chechitatu nechina, ndaisa muvengi wenyu mumaoko enyu;

30 Uye zvino kana mukamuregerera, muchapihwa mubairo wekururama kwenyu; uye nekuvana venyuwo uye nekuvana vevana vavo kusvika kuchizvarwa chechitatu nechechina.

31 Zvisinei, muvengi wenyu ari mumaoko enyu; uye kana mukamupa mubairo uri maererano nemabasa ake hamuna mhosva; kana achitsvaka kuukurayai, uye upenyu hwenyu huri mungozi pamusana pake, muvengi wenyu ari mumaoko enyu uye imi hamuna mhosva.

32 Tarisai, uyu ndiwomutemo wandakapa kumuranda wangu Nifai, uye “nemadzibaba enyu, Josefa, uye Jakobo, Isaka, na-

21a Mosaya 23:21;
Hir. 12:3.

NKM Kuranga.

22a NKM Anoteerera.
b Mat. 16:17–18;

D&Z 33:12–13.

23a Ruka 6:29; Aruma
43:46–47.

NKM Kupfuvisa.

24a Mat. 7:1–2.

26a NKM Mwoyo Murefu.

28a NKM Yambira,
Yambiro.

32a D&Z 27:10.

Abrahama, uye nevole vaporefita vangu nevaapositori vekare.

33 Uye zvakare, uyo “ndiwomutemo wandakapa kune vangu vekare, kuti vasabude kueda kunorwa nerudzi rwupi zvarwo, kana dzinza, rurimi, kana vanhu, kunze kwekunge ini Ishe, ndavaraira.

34 Uye kana rudzi rwupi zvarwo, rurimi kana vanhu vaka-daidzira hondo kwavari, vanofanira kutanga vasimudzira mureza “werunyararo kuvanhu ivavo, kana rudzi irworwo, kana rurimi irworwo;

35 Uye kana vanhu ivavo vakasabvuma runyararo rwavari kupihwa, kana kechipiri kana kechitatu, vanofanira kuuya neuchapupu uhu pamberi paIshe;

36 Zvino ini Ishe, ndinozopa kwavari murairo, nekuvatsigira mukuenda kwavo kuhondo nenyika iyoyo, kana rurimi kana vanhu.

37 Uye ini Ishe, “ndinozorwa hondo dzavo, uye nehondo dzevana vavo, uye nedzevana vevana vavo, kusvika vazvitsividza pavavengi vavo vose, kusvika kuchizvarwa chechitatu nechekina.

38 Tarisai, uyu muenzaniso kuvanhu vose, vanodaro Ishe Mwari wenyu, kuti pave nekuenzanisa pamberi pangu.

39 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri kana muvengi wenyu achinge auya kwamuri kekutanga, akatendeuka akauya

kwamuri achikumbira ruregerero rwenyu, imi munofanira kumuregerera, uye imi hamuzozvichengeta seuchapupu pamusoro pemuvengi wenyu—

40 Uye zvichidaro kechipiri nekechitatu; uye nenguva dzose dzinotendeuka muvengi wenyu mukutadza kwaakakutadzirai, imi “muchamuregerera, kudakara kave makumi manomwe akapetwa kanomwe.

41 Uye akakutadzirai uye akasatendeuka kekutanga, zvisinei muchamuregerera.

42 Uye akakutadzirai kechipiri, uye akasatendeuka, zvisinei muchamuregerera.

43 Uye kana akutadzirai kechitatu, uye akasatendeuka muchamuregerera zvakare.

44 Asi akakutadzirai kwenguva yechina, hamuchamuregerera, asi muchaunza uchapupu uhu pamberi paIshe; uye hazvizodzimwa kudakara atendeuka uye nokukuripai kakapetwa kana muzvinhu zvose zvaakakutadzirai nazvo.

45 Uye kana akaita izvi, imi muchamuregerera nemwoyo wenyu wose; uye akasaita izvi, ini Ishe “ndichakutsivirai muvengi wenyu zvapaketwa kazana;

46 Uye nekuvana vake, uye nekuvana vevana veavo vose vanondivenga, kusvika kuchizvarwa “chekitatu nechekina.

47 Asi kana vana vakatendeuka, kana vana vevana, uye “vakatendeukira kuna Ishe Mwari

33a Deut. 20:10;
Aruma 48:14-16.
34a D&Z 105:38-41.
37a Josh. 23:10;

Isa. 49:25.
40a Mat. 18:21-22;
D&Z 64:9-11.
NKM Regerera.

45a Mormon 8:20.
46a Deut. 5:9-10.
47a Mosaya 7:33;
Morm. 9:6.

vavo, nemwoyo yavo yose uye nemasimba avo ose, nepfungwa, uye nesimba, uye vakadzorera zvakapetwa kana zvekutadza kwose ukwo kwavakatadza nako, kana ukwo kwakatadzwa nemadzibaba avo, kana madzibaba emadzi-

baba avo, ipapo ndipo pachabviswa kugumbuka kwenyu.

48 Uye “kutsividza hakwadozuya zvakare pavari, vanodaro Ishe Mwari venyu, uye kutadza kwavo hakuzouyiswa zvakare seuchapupu kwavari pamberi paIshe. Amenii.

CHIKAMU 99

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, kuna John Murdock, Nyamavhuvhu 1832, paHiram, Ohio. Kana dai zvazvo magwaro eDzidziso neZvibvumirano kubvira muna 1876 akati zvakazarurwa zvino ndezve paKirtland, Nyamavhuvhu 1833, magwaro ekutanga nezvimwe zvinyorwa zvenhoroondo zvinotsinhira kuruzivo chairwo nguva yacho chaiyo.

1–8, John Murdock anodaizwa kuti aparidze vhangeri, uye avo vanomugashira vanogashira Ishe nekuwana tsitsi.

TARISAI vanodaro Ishe kumuranda wangu John Murdock—iwe wadaidzwa kuti uende kunyika dzekumbavazuva, kubva kuimba neimba, kubva kumusha nemusha, uye kubva kuguta neguta, kuti uparidze vhangeri rangu risingaperi kuvagari vemo, mukati ^amekutambudzwa uye nohuipi.

2 Uye uyo ^aanokugashira anogashira ini, uye uchawana simba rekutaura izwi rangu ^bmukuratidza kweMweya Mutsvene wangu.

3 Uye uyo anogashira ^asemwana mudiki, anogashira ^bumambo hwangu; vakaropafadzwa ivavo nokuti vachawana ^atsitsi.

4 Uye ani zvake achakuramba ^aacharambwa naBaba vangu nemba yake; uye uchageza ^btsoka dzako munzvimbo dzakahwanda dzamunofamba nadzo seuchapupu kwavari.

5 Uye tarisai, muone, ^andinoyu nokukurumidza ^bkuzotonga, kupwisa vose zviito zvavo zvisiri zvehumwari nezvavakaita kwandiri ini, sekunyorwa kwazvakaitwa pamusoro pangu mukati mebhuku.

6 Uye zvino, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hazvina kufanira kuti muende kudakara vana venyu variritirwa, uye

48a Ezk. 18:19–23.
 99 1a NKM Kupfuvisa.
 2a Mat. 10:40.
 b I VaKori. 2:4–5.
 3a Mat. 18:1–6.
 b NKM Umambo

hwaMwari kana Umambo hweKudenga.
 c NKM Anetsitsi.
 4a Joh. 12:44–50.
 b D&Z 75:19–22.

5a D&Z 1:11–14.
 b Jud. 1:14–15.
 NKM Jesu Kristu—Mutongi.

vatumirwa zvakanaka kuna bhishopi weZioni.

7 Mushure memakore akati, kana muchida kwandiri, munogonawo kuenda kunyika ya-

kanaka, kuti munogara nhaka yenyu;

8 Kana zvisirizvo ucharamba uchiparidza vhangeri rangu “kusvika watorwa. Amenii.

CHIKAMU 100

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, naSidney Rigdon, paPerrysburg, New York, 12 Gumiguru 1833 (History of the Church, 1:416, 419-421). Hama idzi mbiri dzainge dzava nemazuva akati kuti vasiri pane mhuri dzavo.

1-4, Joseph naSidney vachaparidza vhangeri rekuponeswa kwemweya; 5-8, Zvichapihwa kwavari panguva iyoyo zvanofanira kutaura; 9-12, Sidney achave mutauri uye Joseph achave muzaruri ari mukuru muhupupuri; 13-17, Ishe vachamutsa vanhu vakachena, uye vanoteerera vachaponeswa.

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe kwamuri, shamwari dzangu “Sidney^b naJoseph, mhuri dzenyu dziri zvakanaka; dziri mumaoko angu, ndichaita navo izvo zvandinoona zvakanandinakira; nokuti mandiri mune simba rose.

2 Naizvozvo, nditeverei, mu-teerere mirairo yandichapa kwamuri.

3 Tarisai muone, ndine vanhu vakawanda munzvimbo ino mumatunhu akatenderedza, kuchazarurwa musiwu chaiwo mumatunhu akatenderedza munyika ino iri nechekumabvazuva.

4 Naizvozvo, ini Ishe, ndakakubvumirai kuti muuye munzvimbo ino, nokuti zvakanga zvakafanira kwandiri “kuitira kuponeswa kwemweya.

5 Naizvozvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, simudzai mazwi enyu kuvanhu ava; “taurai pfungwa dzandichaisa mumwoyo menyu, uye hamuzonyadziswa pamberi pevanhu.

6 Nokuti “zvichapihwa kwamuri munguva iyoyo, hongu muchinguva ichocho, zvamuchataura.

7 Asi ndinokupai murairo, kuti muchataura chose chirichipi chinhu “chamunotaura muzita rangu, mukuyera kwe-mwoyo, mumweya^b wekuzvininipisa, muzvinhu zvose.

8 Uye ndinopa kwamuri chivimbiso ichi, kuti kana muri munenge muchiita izvi Mweya “Mutsvene uchadirwa mukupupura zvinhu zvose zvazvo zvamuchataura.

8a Mat. 19:29.

100 1a NKM Rigdon, Sidney.

b NKM Smith, Joseph, Mwana

4a NKM Ruponeso.

5a Hir. 5:18;

D&Z 68:3-4.

6a Mat. 10:19-20;

D&Z 84:85.

7a D&Z 84:61.

b NKM Akapfava.

8a 2 Ni. 33:1-4.

9 Uye zvakafanira mandiri kuti iwe, muranda wangu Sidney, unofanira kuve “mutauri kuvanhu ava; hongu, zvirokwazvo, ndichakugadza kubasa iri, kunyangwe kuve mutauri wemuranda wangu Joseph.

10 Uye ndichamupa simba rekuve akasimba “mukupupura.

11 Uye ndichapa kwauri simba rekuti uve “wakasimba mukutsanangura ose magwaro matsvene, kuti uve mutauri kwauri, iye achave ^bmuzaruri kwauri, kuti uzive chokwadi chezvinhu zvose zviri maererano nezvinhu zveumambo hwangu pano pasi.

12 Naizvozvo, endai mberi nerwendo rwenyu uye murege mwoyo yenyu ifare, nokuti tarisai, uye muone, ndinemi kunyangwe kusvika kumagumo.

13 Uye zvino ndavekukupai

shoko “nezveZioni. Zioni ^bichanunurwa, kunyangwe dai icharangwa kwemwaka mupfupi.

14 Hama dzenyu, varanda vangu Orson “Hyde naJohn Gould, vari mumaoko angu; uye sekugara kwavanoita vachichengeta mirairo yangu vachaponeswa.

15 Naizvozvo mwoyo yenyu ngainyaradzwe; nokuti “zvose zvinhu zvichashanda pamwechete kunakira avo vanofamba zvakarurama, uye mukutsvindiswa kwechечи.

16 Nokuti ndichazvimutsira vanhu “vakachena, avo vachandishandira mukururama;

17 Uye avo vose “vanodaidza zita raIshe, vachichengeta mirairo yavo, vachaponeswa. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 101

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio 16 Zvita 1833 (History of the Church, 1:458–464). Panguva iyi Vatendi vakanga vaungana muMissouri vakanga vachitambudzwa zvikuru. Mhomho dzakanga dzavabvisa mudzimba dzavo muRuwa rweJackson; uye vamwe veVatendi vakanga vayedza kunogara kuRuwa rweVan Buren, asi kutambudzwa kwakavatevera. Chikwata chikuru cheVatendi chakanga panguva iyoyo chiri muRuwa rweClay, Missouri. Kutysisidzirwa nerufu kwevanhu veChechi kwakanga kwakawanda. Vanhu vakanga varasikirwa nemidziyo yemumba, zvipfeko, zvipfuwo, nezvimwewo zvinhu zvavo; uye zhinji dzembeu dzavo dzakanga dzaparadzwa.

1–8, Vatendi vanorangwa noku-tambudzwa pamusoro pekutadza kwavo; 9–15, Kugumbuka kwa-

Ishe kuchawira pamusoro pamarudzi, asi vanhu vavo vachaunganidzwa vagonyaradzwa; 16–21,

9a Eks. 4:14–16;
2 Ni. 3:17–18;
D&Z 124:103–104.
10a NKM Pupura.
11a Aruma 17:2–3.

b D&Z 124:125.
13a NKM Zioni.
b D&Z 84:99; 105:9–10,
31, 37.
14a NKM Hyde, Orson.

15a VaR. 8:28;
D&Z 90:24; 105:40.
16a NKM Chakachena.
17a Joere 2:32;
Aruma 38:4–5.

Zioni nehoko dzayo zvichamiswa; 22-31, Mararamiro eupenyu munguva yeMereniya anotsanangurwa; 32-42, Vatendi vacharopafadzwa nokupihwa mubairo ipapo; 43-62, Rungano rwemufananidzo wemurume anokudzwa uye nemiti yemiorivhi, zvinoratidza matambudziko nekuzonunurwa kweZioni; 63-75, Vatendi vanofanira kuramba vachiungana pamwechete; 76-80, Ishe vakamisa bumbiro remitemo yeUnited States; 81-101, Vatendi vanofanira kukumbira kuti zvichemo zvavo zvigadzirwe, maererano nerungano rwemufananidzo wemudzimai nemutongi akanga asingatonge zvakanaka.

ZVIROKWAZVO ndinoti kwamuri, pamusoro pehama dzenyu dzakatambudzwa, uye ^adzikashungurudzwa, uye ^bdzikabviswa munyika yenhaka yadzo—

2 Ini Ishe, ndakabvumira kutambudzwa uku kuti kuuye pavari, uko kwakava kutambudzwa nechikonzero ^bchekutadza kwavo;

3 Asi ndichavatora, uye vachave vangu muzuva iro randichauya kuzounganidza zvinokosha zvishongo zvangu.

4 Naizvozvo, vanofanira kuti “varangwe uye nokuyedzwa, kunyangwe ^bsaAbrahama, uyo akaudzwa kuti apire mwana-komana wake mumwechete.

5 Nokuti avo vose vasingagone kushingirira kurangwa, asi “vachindiramba, ^bhavangatsveneswe.

6 Tarisai ndinoti kwamuri, kwaive “nokupesana, uye negakava, uye ^bnokuchiva, uye nekunetsana, uye nemwoyo yehutsvina neruchiva pakati pavo; nokudaro nezvinhu izvi vakasvibisa nhaka yavo.

7 Vainonoka akunzwa izwi ra-Ishe Mwari vavo; nokudaro, Ishe Mwari vavo vanononoka kunzwa minamoto yavo, kuva-pindura muzuva redambudziko ravo.

8 Muzuva rerunyararo rwavo havana kukoshesa kuraira kwangu; asi muzuva akarembudziko ravo, pamusana penhamo ^bvanonditsvaga.

9 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kana nezvitadzo zvavo, ura hwangu hwakazadzwa akarembudziko kwavari, ^bhandizovarasa chose; uye muzuva akarembudziko kwavari, ^bhandizovarasa chose.

10 Ndapika, uye chisungo chikaenda nemumwe murairo

101 1a NKM Kupfuisa.

b D&Z 103:1-2, 11; 109:47.

2a D&Z 58:3-4.

b Mosaya 7:29-30;

D&Z 103:4; 105:2-10.

3a Isa. 62:3; Mara. 3:17;

D&Z 60:4.

4a D&Z 95:1-2; 136:31.

NKM Kuranga.

b Gen. 22:1-14;

Jak. 4:5.

NKM Abrahama.

5a Mat. 10:32-33;

VaR. 1:16;

2 Ni. 31:14.

b NKM Kutsveneswa.

6a NKM Gakava.

b NKM Chiva.

c NKM Ruchiva.

7a Isa. 59:2;

Mosaya 11:22-25;

21:15;

Aruma 5:38.

8a Hir. 12:3.

b Mabasa 17:27;

Aruma 32:5-16.

9a NKM Kunzwa Tsitsi;

Anetsitsi.

b Jer. 30:11.

c D&Z 98:21-22.

uyo wandakapa kwamuri, kuti ndiregerere “munondo wekugumbuka kwangu ndakamirira vanhu vangu; uye kunyangwe sezvandakaura, zvichaitika.

11 Kugumbuka kwangu kuri pedyo nekuzodirwa zvisina mwero pamarudzi ose; izvi ndichazviita kana mukombe wekutadza kwavo “wazara.

12 Uye muzuva iroro vose vanowanikwa vari “panharire, kana kuti nemamwe mazwi, yose Israeri yangu ichaponeswa.

13 Uye vose vakanga vakapararira “vachaunganidzwa.

14 Uye avo vose “vakachema vachanyaradzwa.

15 Uye vose vakapa “upenyu hwavo pamusana pezita rangu vachapfekedzwa korona.

16 Naizvozvo, regai mwoyo yenyu inyaradzwe pamusoro peZioni, nokuti yose nyama iri “mumaoko angu; nyararai uye ^bmuzive kuti ndini Mwari.

17 “Zioni haizobviswa panzvimbo payo, kana dai zvazvo vana vayo vakapararira.

18 Avo vanosara, uye vari vakachena mumwoyo, vachadzoka, uye vouya “kunhaka yavo, ivo nevana vavo, ^bnenzi-

yo dzerufaro rwusingaperi, “kuzovaka matongo eZioni —

19 Uye zvose zvinhu izvi kuti vaporofita vazadzikiswe.

20 Uye, tarisai hakuna imwe “nzvimbo yakadomwa kunze kweiyu yandakadoma; kana kuti pachazove neimwe nzvimbo yakadomwa kunze kweiyu yandadoma, mubasa rekuunganidza vatendi vangu —

21 Kudakara zuva rauya apo pachashaikwa nzvimbo yavo; uye zvino ndine dzimwe nzvimbo dzandidoma kwavari, uye dzichanzi “hoko, kuitira kudzimirira simba reZioni.

22 Tarisai, chido changu, kuti vose avo vanodaidza zita rangu, nokundinamata maererano nevhangeri rangu risingaperi, vanofanira “kuungana pamwechete, ^bnokumira munzvimbo tsvene;

23 Uye gadzirirai zvakarurwa zviri kuuya, apo “chidzitiro chinofukidza mutemberi mutabernakeri yangu, icho chinoviga nyika, chichabviswa, uye yose nyama ^bichandiona pamwechete.

24 Uye chose chinhu “chinoo-ra, chemunhu, kana chemhuka

10a D&Z 1:13–14.

11a Hir. 13:14;
Eta 2:9–11.

12a NKM Murindiri.

13a Deut. 30:3–6;
1 Ni. 10:14.

NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

14a Mat. 5:4.

15a Mat. 10:39.

NKM Kuponderwa
Chitendero.

16a Mos. 6:32.

^b Eks. 14:13–14;
Mpi. 46:10.

17a NKM Zioni.

18a D&Z 103:11–14.

^b Isa. 35:10;
D&Z 45:71.

NKM Imba.

^c Amosi 9:13–15;
D&Z 84:2–5; 103:11.

20a D&Z 57:1–4.

21a D&Z 82:13–14;
115:6, 17–18.

NKM Hoko.

22a NKM Israeri—
Kuunganidzwa
kwa Israeri.

^b Mat. 24:15;
D&Z 45:32; 115:6.

23a NKM Chidzitiro.

^b Isa. 40:5;
D&Z 38:8; 93:1.

NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

24a D&Z 29:24.

dzesango, kana cheshiri dze-
matenga, kana chehove dzegu-
ngwa, icho chinogara pamusoro
penyika, ^bchichaparadzwa.

25 Kana izvowo zvechiumbi-
so, “zvichanyungudika neku-
pisa kukuru; uye zvole zvinhu
^bzvichavezvitsva, kuti ruzivo
‘nokubwinya kwangu kugare
pamusoro penyika yose.

26 Uye muzuva iroro “ruve-
ngo rwemunhu, neruvengo
rwemhuka, hongu ruvengo
rwenyama yose, ^brwuchapera
pamberi pechiso changu.

27 Uye muzuva iroro chose
zvacho chinokumbirwa nemu-
nhu, chichapihwa kwaari.

28 Uye muzuva iroro “Satani
haazove nesimba rekuedza
kana munhu upi zvake.

29 Uye hakuchazove “nekusu-
wa nokuti hakuna rufu.

30 Muzuva iroro “kacheche
hakazofa kusvika kachembera;
uye upenyu hwake huchaita
sezera remuti;

31 Uye kana ofa, haazorara,
zvichireva kuti muvhu, asi
“achapindurwa mukubwaira
kweziso, uye ^bachatorwa, uye
kuzorora kwake kugoropafa-
dzwa.

32 Hongu, zvirokwazvo ndi-
noti kwamuri, “muzuva iroro

richauya Ishe, ^bvacharatidza
zvole zvinhu—

33 Zvinhu zvakapfuura, ne-
zvinhu “zvakavigwa zvisina
munhu aizviziva, zvinhu zve-
nyika, zvayakaumbwa nazvo,
uye nezvakanandika uye ne-
magumo acho—

34 Zvinhu zvinokoshesesa, zvi-
nhu zviriri pamusoro, nezvinhu
zviriri pasi, zvinhu zviriri muvhu,
nezviriri pamusoro pevhu, ne-
zviriri mudenga.

35 Uye nevole avo “vanota-
mbudzwa pamusoro pezita
rangu, uye vachashingirira
murutendo, kana dai vakadai-
dzwa kuti vaise upenyu hwavo
pasi ^bpamusana pangu, asi va-
chave mukubwinya kwose uku.

36 Nokudaro, musatye kunya-
ngwe kusvika “kurufu, nokuti
munyika muno rufaro rwenyu
haruna kuzara, asi mandiri
^brufaro rwenyu rwuzere.

37 Naizvozvo, musave neha-
nya nemuviri, kana upenyu
hwemuviri; asi torerai hanya
“mweya, neupenyu hwemweya.

38 Uye “mutsvake chiso cha-
Ishe nguva dzose, kuti ^bmu-
mwoyo murefu munogona
kuve nemweya yenyu, uye
muchave neupenyu hwokusin-
gaperi.

24b Zef. 1:2-3; Mara. 4:1;
D&Z 88:94;
Nh—JS 1:37.

25a Amosi 9:5;
II Pet. 3:10-14.
NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano.
b Zvaka. 21:5.
c NKM Mereniamu.

26a Isa. 11:6-9.
NKM Ruvengo.
b NKM Runyararo.

28a Zvaka. 20:2-3;
I Ni. 22:26;
D&Z 88:110.

29a Zvaka. 21:4.
30a Isa. 65:20-22;
D&Z 63:51.

31a I VaKori. 15:52;
D&Z 43:32.
b I VaT. 4:16-17.

32a D&Z 29:11.
NKM Mereniamu.
b D&Z 121:26-28.

33a NKM Zvakavandika
zvaMwari.

35a D&Z 63:20.
NKM Kupfuvisa.
b D&Z 98:13.

36a NKM Rufu, rwenyama.
b NKM Rufaro.

37a NKM Mweya (Mweya
neMuviri).

38a II Mak. 7:14;
D&Z 93:1.
b NKM Mwoyo Murefu.

39 Kana vanhu vadaidzwa kuvhangeri rangu “risingaperi, uye vakabvumirana nechibvumirano chisingaperi, vanotariswa ^bsemunyu wenyika nemurungi wevanhu;

40 Vanodaidzwa kuti vazove varungi vevanhu, naizvozvo, kana munyu wenyika ukarunduka, tarisai, kubvira ipapo hauchisina chawakanakira, kunze kwekuti uraswe kunze nokutsikwa-tsikwa pasi petso-ka dzevanhu.

41 Tarisai houno ungaru maererano nevana veZioni, kunyangwe vazhinji asi kwete vose; vakawanikwa vari vata-dzi, naizvozvo vanofanira “kurangwa—

42 Uyo “anozvikiwidziridza achadzikiswa, uye ^banozvidzikisa achakwidziridzwa.

43 Uye zvino, ndichakuratidzai rungano rwemufananidzo, kuti mugoziva chido changu maererano nerununuro rweZioni.

44 Mumwe murume “aikudzwa aive nenzvimbo yake yakanaka chaizvo, uye akati kuvaranda vake: Endai ^bkumunda wangu wemizambiringa, kunyangwe panzvimbo yakanaka chaizvo iyi, uye munodyara miti yemiorivhi gumi nemiviri;

45 Uye moisa “varindi vakai-komberedza, uye movaka nharire, kuti munhu agotarisa dunhu rose rakatenderedza,

kuti ave murindi panharire, kuti miti yangu yemiorivhi irege kutyorwa kana muvengi akauya kuzokanganisa noku-zvitorera michero yemunda wangu wemizambiringa.

46 Zvino varanda vemurume anokudzwa vakaenda vakano-ita zvavakanga varairwa naishe wavo, uye vakadyara miti yemiorivhi, uye vakavaka ruzhowa rwakatenderedza, uye ndokuisa murindi, uye ndokutanga kuvaka nharire.

47 Uye vachiri kuisa hwaro hwacho, vakatanga kutaura pachavo: Iye ishe wedu anoidii nharire iyi?

48 Uye vakataura kwenguva huru, vachiti pakati pavo: Ko ishe wangu anodireiko iyi nharire, tichiona kuti inguva yerunyararo?

49 Mari iyi hayaifanira kunge yakapihwa kune vanoshanda nezvemari here? Nokuti zvinhu izvi hazvina basa.

50 Uye vari mukupesana kudaro vakavamba kuita nungo chaidzo, uye vakasateerera kumirairo yatenzi wavo.

51 Uye muvengi akauya husiku, uye akapaza “ruzhowa; uye varanda vemurume aikudzwa vakamuka uye vakatya, uye vakatiza; uye muvengi akaparadza basa iroro, uye akatyora miti yemiorivhi.

52 Zvino tarisai, murume ano-

39a NKM Chibvumirano
Chitsva uye
Chisingaperi.
b Mat. 5:13;
D&Z 103:10.
41a NKM Kuranga.
42a Obad. 1:3–4;

Ruka 14:11;
Hir. 4:12–13.
b Ruka 18:14.
NKM Akazvinipisa.
44a D&Z 103:21–22.
b NKM Munda
wemizambiringa

walshé.
45a Ezk. 33:2, 7;
3 Ni. 16:18.
NKM Murindiri.
51a Isa. 5:1–7.

kudzwa uyu, ishe wemunda wemizambiringa, akadaidza varanda vake, akati kwavari, Sei? Chii chakakonzera zvakai-pa kudai?

53 Hamaifanira here kungemakaita zvandakakurairai, uye—mushure mekunge madyara mumunda wemudzambiringa, uye mukavaka ruzhowa makatenderedza, uye mukaisa varindi pachidziro chacho—mukavakawo nharire, uye mukaisa murindi panharire, uye akarinda munda wangu wemuzambiringa, uye asina kukotsira, potse muvengi anga-uye pamuri?

54 Uye tarisai, murindi panharire angadai akaona muvengi achiri kure; uye zvino mungadai makagadzirira uye makatadzisa muvengi kutyora ruzhowa, uye makadzivirira munda wangu wemizambiringa kubva mumako emuparadzi.

55 Uye ishe wemunda wemuzambiringa akati kune mumwe wevaranda vake: Enda unounganidza vasara vevaranda vangu, uye utore “rose simba remba yangu, rinove iwo mawuto angu, majaya angu, uye neavo vasati vakwegura pakati pevaranda vangu vose, vari ivo simba remba yangu, kunze kweavo vandadoma kuti vagare;

56 Uye mobva maenda kunzvimbo yemunda wemuzambiringa wangu, uye munodzikinura munda wangu, nokuti ndewangu; ndakautenga nemari.

57 Naizvozvo, endai iye zvino kunyika yangu; pazai zvidziro zvevavengi vangu; koromorai nharire yavo, uye muparadze varindi vavo.

58 Uye kana vari vanounganidzana pamwechete kukurwisai, “nditsividzirei vavengi vangu, kuti pamberi apo ndingazouya nevakasara vema yangu uye ndobvandatora nyika.

59 Uye muranda akati kuna ishe wake: Zvinhu izvi zvichaitika rinhi?

60 Uye iye akati kumuranda wake: Kana ndavekuda; endai iye zvino uye munoita zvose zviri zvipi zvazvo zvandakurairai;

61 Uye izvi zvichave chisimbiso changu uye nemaropafadzo kwamuri mutariri anotendeka “akangwara pakati pemba yangu, ^bmutongi muumambo hwangu.

62 Uye muranda wake akabva aenda pakarepo, uye akanoita zvose zvinhu zvazvo zvaakanga arairwa naishe wake; uye “mushure memazuva mazhinji zvose zvinhu zvakazadzikiswa.

63 Zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, ndicharatidza kwamuri ungaru huri mandiri maererano nechechi dzose, kana ari anoda kutungamirirwa nenzira kwayo yakanaka kuruponeso rwavo—

64 Kutibasa rekuunganidzwa pamwechete kwevatendi vangu rirambe richiitwa, kuti ndiva-vake muzita rangu panzvimbo

55a D&Z 103:22, 29–30;
105:16, 29–30.

58a D&Z 97:22–24; 105:15.
61a D&Z 78:22.

^b Mat. 25:20–23.
62a D&Z 105:37.

“tsvene; nokuti nguva ^byekukohwa yauya, uye izwi rinofanira kuti ^crichizadzikiswa.

65 Naizvozvo, ndinofanira kunganidza pamwechete vanhu vangu, maererano nerungano rwemufananidzo wegorosi “nemasawi, kuti gorosi richenge-twe mutsapi kuti riwane upenyu hwokusingaperi, uye kugadzwa nekubwinya ^bkwe-seresitiyaro, apo pandichauya mumambo hwaBaba vangu kuzopa mubairo kune munhu wose maererano nezvichange zvakaite basa rake;

66 Apo masawi achisungwa mumasvinga, uye tambo dzawo dzichiitwa kuti dzisimbe, kuti “agopiswa nemoto usingadzime.

67 Naizvozvo, ndinopa murairo chechi dzose, kuti varambe vachiungana pamwechete muzvimbo dzandakadoma.

68 Zvisinei, sezvandakambotaura kwamuri mune mumwe murairo, “kuungana kwenyu ngakurege kuitwa nokukurumidza, kana nokutizira, asi zvinhu zvose ngazvigadzirirwe pamberi penyu.

69 Uye kuti zvinhu zvose zvigadzirirwe pamberi pangu, che-rechedzai murairo wandakapa pamusoro pezvinhu izvi—

70 Uyo unoti, kana unodzidzisa, “kutenga dzose nzvimbo nemari, dzinogona kutengwa nemari, mudunhu iro rakapo-

teredza nyika yandakasarudza kuti ive nyika yeZioni, mukutanga kwekuungana kwevate-ndi vangu;

71 Yose nyika inogona kute-ngwa muruwa rweJackson, nematunhu akatenderedza, uye musiye zvinosara muruoko rwangu.

72 Zvino, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, regai chechi dzose dziunganidze pamwechete mari yadzo; regai zvinhu izvi zvii-twe nenguva yazvo, asi kwete “mukukurumidza; uye muche-rechedze kuti zvinhu zvigadzirirwe pamberi penyu.

73 Uye regai kudomwe varume vaneruremekedzo, kunyangwe varume vaneungwaru, uye movatuma kuti vanotenga nzvimbo idzi.

74 Uye chechi dziri munyika dzekumabvazuva, kana achinge avakwa, kana akateerera kurairwa kuno anogona kutenga nzvimbo uye voungana pamwechete padziri; uye munzira iyi anokwanisa kumisa Zioni.

75 Kune kunyangwe iyezvino zvakachengetedzwa kare zvakakwana, hongu, kunyangwe zvakatowandisisa, zvekununura Zioni, nokumisa matongo ayo, kuti asazopunzwa zvakare, ndokunge chechi idzo dzinodzidaidza nezita rangu “dzaida kuteerera kuzwi rangu.

76 Uye zvakare ndinoti kwamuri, avo vakaparadzwa neva-

64a D&Z 87:8.
b D&Z 33:3, 7.
NKM Mukoho.
c D&Z 1:38.
65a Mat. 13:6–43;

D&Z 86:1–7.
b NKM Kubwinya
kweSeresitiyaro.
66a Nah. 1:5;
Mat. 3:12;

D&Z 38:12; 63:33–34.
68a D&Z 58:56.
70a D&Z 63:27–29.
72a Isa. 52:10–12.
75a Aruma 5:37–39.

vengi vavo, chido changu kuti varambe vachitsvaga kuti zvigadziriswe, nerununuro, nemaoko eavo vakaiswa sevatongi uye vaine simba pamusoro penyu—

77 Maerererano nemutemo “nebumbiro remutemo revanhu, iro randakabvumira kuti riiitwe, uye kuti richengetwe kuitira ^bkodzero nokudziiirwa kweyese nyama maererano nemitemo yakarurama uye iri mitsvene;

78 Kuti munhu wose ashande ari mudzidziso uye mumitemo iri maererano nenguva ichauya, maererano nekugona ^akuzvifungira kwandakamupa, kuti wose munhu ^bazvipindurire pamusoro pezvivi zvake muzuva ^crekutongwa.

79 Naizvozvo, hazvina kunaka kuti kuve nemunhu akasungwa nemumwe.

80 Uye nechinangwa ichi ndakaita ^aBumbiro remirau yenyika ino, nemaoko evarume vakangwara vandakamutsira basa iri, uye nokununura nyika ^bmukudeura ropa.

81 Zvino, ndingafananidze nei vana veZioni? Ndichavafananidza nerungano ^arwemufananidzo wemukadzi nemutongi akaipa, nokuti vanhu vanofanira ^bkunamata nguva dzose vasinganete, uyo unoti—

82 Paive nemutongi muguta akange asingatye Mwari, kana kukudza munhu.

83 Uye makanga muine shirikadzi muguta iroro, uye yakauya kwaari ikati: ndidzorereiwo muvengi wangu.

84 Uye kwechinguva chakati akaramba asi mumashure akati nechemumwoyo kana zvazvo ndisingatye Mwari, kana kukudza munhu, pamusana pekuti shirikadzi iyi iri kundinetsa ndichaitsividzira, potse nokuramba ichiuya kwayo ingandiiite kuti ndinete.

85 Ndikokufananidza kwandingaite vana veZioni.

86 Ngavacheme patsoka dzemutongi.

87 Uye kana akasavateerera, ngavaende vanonyengetedza pasi petsoka dzagavhuna;

88 Uye kana gavhuna akasavanzwa, ngavanyengetedze vari pasi petsoka dzemutungamiri;

89 Uye kana mutungamiri akasavanzwa, ipapo Ishe vachasimuka uye vachiuuya kubva munzvimbo yavo ^ayekuhwanda, uye muhasha dzavo vagonetsa rudzi;

90 Uye mukusafadzwa kwavo kukuru, nemukushatirwa kwavo kwakaipa, munguva yavo, achabvisa avo vakaipa, vasingatendeke, ^anevatariri vakaipa, uye ovapa mugove wavo mvanyengedzi, ^bnevasingatende;

91 Kunyangwe murima reku-nze, umo mune ^akuchema,

77a NKM Hurumende.

^b NKM Rusununguko.

78a NKM Kuzvisarudzira.

^b NKM Kudavira.

^c NKM Kutonga,

Kwekupedzisira.

80a 2 Ni. 1:7-9;

D&Z 98:5-6.

NKM Bumbiro

remutemo.

^b 1 Ni. 13:13-19.

81a Ruka 18:1-8.

^b NKM Munamato.

89a Isa. 45:15;

D&Z 121:1, 4; 123:6.

90a NKM Mutariri.

^b Zvaka. 21:8.

NKM Kusadaira.

91a Mat. 25:30;

D&Z 19:5; 29:15-17;

124:8.

nekuuwura, nekugedageda kwemeno.

92 Namatai imi naizvozvo, kuti nzeve dzavo dzingazuru-rwe mukuchema kwenyu, kuti ini ndigovaitira ^atsitsi, kuti zvihu izvi zvisauye pavari.

93 Zvandataura kwamuri zvakanafira kuveizvo, kuti vose vanhu vasare vasina ^achekuhwanda nacho;

94 Kuti varume vakangwara nevatongi vagonzwa nokuziva icho chavasina ^akumbofunga;

95 Kuti ndiende mberi nekuunza chiito changu, chiito changu ^achinoshamisa, nokuita basa rangu, basa rangu rinoshamisa, kuti vanhu vagogona ^bkuziva pakati pevakaipa nevakarurama, vanodaro Mwari venyu.

96 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, hazvipindirane nemurairo wangu nechido changu kuti muranda wangu Sidney Gilbert atengese ^aimba yangu yekuchengetera, iyo yandakadomera

kuvanhu vangu; kuisa mumako evavengi vangu.

97 Musaita kuti icho chandine-nge ndadoma chisvibiswe nevavengi vangu, nemvumo yeavo ^avanzovidaidza nezita rangu;

98 Nokuti ichi chitema chinorwadza uye chakaipa zvikuru kwandiri, nekuvanhu vangu, pamusoro pezvinhu izvo zvandakadzika uye zvave pedyo nokuwira marudzi.

99 Naizvozvo, chido changu kuti vanhu vangu vatore uye vabatirire pane icho chandakavadomera, kana dai vasingafanire kubvumirwa kugarapo.

100 Zvisinei, handizikuti havachazogara ipapa; nokuti kana vari varikuunza michero nemabasa akafanira umambo hwangu, vachagaramo.

101 Vachavaka, uye hakuna ^aanozozvitora; vachadyara minda yemizambiringa, uye vachadya michero yacho. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 102

Zvinyorwa zvekurongwa kwedare repamusoro rekutanga reChechi, pa-Kirtland, Ohio, 17 Kukadzi 1834 (History of the Church, 2:28–31). Zvinyorwa zvekutanga zvakanyorwa neMagosa Oliver Cowdery na-Orson Hyde. Mushure memazuva maviri, zvinyorwa izvi zvakagadziriswa neMuporofita, ndokuverengerwa dare repamusoro, uye ndokubva zvabvumwa nedare repamusoro. Ndima diki 30 kusvika ku32, dziine zvekuita nedare reVaapositori vaneGumi neVaviri, dzakapamhidzirwa neMuporofita Joseph Smith muna 1835 apo paakagadzira chikamu chino kuti chishambadzwe muDzidziso neZvibvumirano.

92a NKM Anetsitsi.

93a VaR. 1:18–21.

94a Isa. 52:15;
3 Ni. 20:45; 21:8.

95a Isa. 28:21; D&Z 95:4.

^b Mara. 3:18.

NKM Kuziva

kuburikioza

neMweya, Chipu che.

96a NKM Imba

Yekuchengetera.

97a D&Z 103:4;

112:25–26; 125:2.

101a Isa. 65:21–22.

NKM Mereniamu.

1-8, *Dare repamusoro rinodomwa kuti rigogadzirisa zvakakosha zvinonetsa zvinomuka muChechi; 9-18, Zvinatevedzwa mukunzwa nyaya zvinopihwa; 19-23, Mukuru wedare ndiye anoita zvafungwa; 24-34, Mutemo wekuti nyaya inzwiwe zvakare inomiswa.*

NHASI dare reruzhinji revapirisita vepamusoro makumi maviri nevana raungana pamba paJoseph Smith, Mwana, kuburikidza nezvakarurwa, uye vakaronga dare “guru rechechi raKristu, iro raizove nevapirisita vepamusoro gumi nevaviri, uye nemukuru mumwechete kana vatatu, sezvingangodikanwa.

2 Dare guru rakasarudzwa kuburikidza nezvakarurwa kuti rigoita basa rekugadziridza zva-kaoma zvinokosha zvingangomuka muchechi, izvo zvakanga zvisingagone kugadziriswa nechechi kana nedare “remabhi-shopi, zvinogutsa vatadzirana.

3 Joseph Smith, Mwana, Sidney Rigdon naFrederick G. Williams vakatorwa sevakuru nezwi redare, uye Joseph Smith, Baba, John Smith, Joseph Coe, John Johnson, Martin Harris, John S. Carter, Jared Carter, Oliver Cowdery, Samuel H. Smith, Orson Hyde, Sylvester Smith, naLuke Johnson, vapirisita vepamusoro, vakasarudzwa kuti vave dare rakamiswa rechechi, nezwi revose vedare.

4 Makurukota edare ataurwa aya vakabvunzwa kuti vano-

bvuma here kusarudzwa kwavo, uye nokuti vachaita basa munzvimbo idzodzo maererano nemutemo wedenga, uye vose vakapindura kuti vanobvuma kusarudzwa kwavo, nokuti vachaita muzvinzvimbo izvozo maererano nenyasha dzaMwari idzo dzakaiswa pavari.

5 Huwandu hwevaiumba dare, avo vakasarudza muzita vakamirira chechi, uye mukusarudza makurukota ataurwa aya vaive makumi mana nevatatu, sezvizvi: vapirisita vepamusoro vapfumbamwe, magosa gumi nemanomwe, vapirisita vana, nenhengo gumi nenhatu.

6 Zvakasarudzwa: kuti dare guru harina simba rekuita chimwe chinhu pasina vanomwe vemakurukota ataurwa, kana avo vanosarudzwa nguva nenguva kutora nzvimbo dzavo vasipo.

7 Ivava vanomwe vachave nesimba rekusarudza vamwe vapirisita vepamusoro avo vavanenge vachiona vakakodzera uye vachikwanisa kushanda munzvimbo yemakurukota anenge asipo.

8 Zvakasarudzwa: Pose pane nge pave nechinzvimbo pamusana perufu, kana kubviswa mubasa pamusana pechitadzo, kana kubviswa mukutonga kwechechi ino, kwaani zvake wemakurukota ataurwa pamusoro, chinzvimbo ichocho chichatsiviwa nokusarudzwa kwemutungamiri kana vatungamiri, uye zvigotsigirwa nedare reru-

zhinji revapirisita vepamusoro, radaidzirwa basa iroro, kuti vashande vari muzita rechechi.

9 Mutungamiri wechechi anove ndiye zvakare mutungamiri wedare, anosarudzwa “nezvakazarurwa, uye ^bachitsigirwa mukushanda kwake nezwi rechechi.

10 Uye zviri maererano neku-kudzwa kwechinzvimbo chake kuti atungamire dare rechechi; uye ikodzero yake kuti ayamurwe nevamwe vaviri vevatungamiri, vanosarudzwa netsika imwecheteyo seyaakasarudzwa nayo.

11 Uye kana zvaita kuti mumwechete wavo kana vose avo vakasarudzwa kuti vamuyamure vasipo, ane simba rekutungamira dare asina anoyamura; uye kana ari iye asipo, vamwe vatungamiri vane simba rekutungamira munzvimbo make, vose kana mumwe wavo.

12 Apo pose panenge dare repamusoro rechechi yaKristu, maererano nemutowo watsanangurwa shure, richave basa remakurukota gumi nevaviri kuti vakande mijenya umwe neumwe kuti naizvozvo vagoziva kuti ndiyani wavo wegumi nevaviri achataura pekutanga, zvichitanga newe kutanga zvichitevedzana kusvikira wegumi nevaviri.

13 Pose panosangana dare iri kutarisa nyaya, makurukota ane gumi nevaviri ndivovachaona kuti nyaya yakaoma here kana kuti kwete; kana isina, vaviri

chete vemakurukota ndivovachataura pamusoro payo, maererano nechimiro chanyorwa pamusoro.

14 Asi kana ichinzi yakaoma, vana vachasarudzwa; uye kana yakaoma kupfuura ipapo, vatanhatu vachadomwa; asi hakuna pamwe pangadomwe vanopfuura vatanhatu kuti vataure.

15 Anenge achipihwa mhosva, mumhosva dzose zvadzo, ane kodzero kuchidimbu chepakati nepakati chedare, kudzivirira kukanganisirwa kana kutongwa kusakarurama.

16 Uye makurukota akadomwa kuti ataure pamberi pedare ndivovanotaura nyaya, mushure mekunge humbowo hwaongororwa, sezvahuri chizvo pamberi pedare; uye munhu wose anofanira kutaura maererano nekuenzanisa “nokunatsa.

17 Ayo makurukota anoburitsa kuverengwa kwakaenzana, zvichireva, 2, 4, 6, 8, 10, na12, zvichidaro ndivovanhu vachamiririra avo varikupihwa mhosva, uye kuti zvidzivirire kukanganisirwa nekusatongwa kwakarurama.

18 Munyaya dzose, arikupa mhosva neari kupihwa mhosva vachawana mukana wekuzviturira pachavo pamberi pedare, mushure mekunge humbowo hwanzwikwa uye makurukota akadomwa kuti ataure panya-ya iyi apedza kutaura.

19 Mushure mekunge humbowo hwanzwikwa, makurukota,

arikupa mhosva neari kupihwa mhosva uye vataura, mutungamiri anofanira kupa kutonga maererano nemanzwiro aane nge ainawo panyaya yacho, uye odaidza makurukota gumi nevaviri kuti vazopa rutsigiro rwavo, nokusarudzwa kwavo.

20 Asi kana makurukota vane nge vasina kutaura, kana mumwe wavo, mushure mekunzwa humbowo nezvikumbiro vasina kwavakarerekerera, vaona kukanganiswa muhutongo hwemutungamiri, vanogona kuzviratidza pachena, uyezve nyaya yacho ichazonzwika zvakare.

21 Uye kana mushure mekunyatsoteererera pakutongwa zvakare, kana paine zvimwe zvabuda pachena pamusoro penyaya iyi, zvakatongwa zvinogona kupindurwa maererano nezvabuda.

22 Asi kana pasina zvimwe zvabuda pachena, zvakatongwa pakutanga ndizvozvichaitwa, uye divi rinevazhinji riine simba rekuzviita izvozvo.

23 Kana paine chakaoma maererano “nedzidziso kana mutemo, kana pasina zvakakwana zvakanyorwa zvinoita kuti inyatsove pachena mupfungwa dzedare, mutungamiri anogona kubvunza uye agowana pfungwa dzaIshe ^bnekuzarurirwa.

24 Vapirisita vepamusoro kana vari kune dzimwe nyika, vane simba rekudaidza nekuronga dare maererano nemutowo watsanangurwa uyu, kuti vaga-

dzirise zvinonetsa kana vakanganisirana vose, kana mumwe wavo achinge azvikumbira.

25 Uye dare riri kutaurwa revapirisita vepamusoro richave nesimba rekudoma mumwe wavo kuti atungamire dare rakadaro kwenguva iyoyo.

26 Richave basa redare iroto kuti ritumire, pakarepo, gwaro rezvavaita, uye nemazwi azere euchapupu hunoenderana nekutonga kwavo, kudare repamusoro rechigaro cheHutungamiri Hwekutanga hweChechi.

27 Kana mapato kana mumwe wavo asina kugutswa nekutonga kwedare rarehwa, vanogona kukwira kudare repamusoro rechigaro cheHutungamiri Hwekutanga hweChechi, uye pobva panzi nyaya ngainzwise zvakare, iyi nyaya inobva yatongwa, maererano nemutowo wakare wakanyorwa, sekunge kusina kumbotongwa zvakadaro.

28 Dare iri remapirisita vepamusoro vari kune dzimwe nyika, rinodaidzwa chete kana paine mhosva dzechechi dzakanyanya “kuoma; uye haisi nyaya yose yose inodaidzirwa dare rakadai.

29 Uye vanofamba kana vage-re nzvimbo imwechete mapirisita vepamusoro vari kune dzimwe nyika vane simba rekutaura kana zvakafanira kana kuti kwete kuti kudaidzwe dare rakadaro.

30 Pane mutsauko uripo pakati pedare repamusoro kana vano-

famba vari vapirisita vepamusoro kune dzimwe nyika, nedare repamusoro “vanofamba ^briine vaapositori vanegumi nevaviri, mukutonga kwavo.

31 Pakutonga kweavo vekutanga kunogona kuendeswa kune rimwe dare asi kune zvinenge zvatongwa nedare rechipiri hakunazve rimwe dare.

32 Vekupedzisira vanogona kubvunzurudzwa chete nevakuru vakuru vechechi yose kana paita nyaya yechitadzo.

33 Zvakafungwa: kuti mutungamiri kana vatungamiri vechigaro cheHutungamiri Hwekutanga hweChechi vachave nesimba rekuita kuti yose zvayo nyaya yakwidzwa zvakare, inyaya yakakodzera kuti itongwe zvakare, mushure meku-

unge vaongorora nyaya nehumbowo nezvinotaurwa zvinoderana nayo.

34 Makurukota gumi nevaviri vakabva vatanga kukanda mijenya kana kusarudza, kuti kuonekwe kuti ndianaani vanofanira kutanga kutaura, uye zvinotevera ndizvo zvakaonekwa; 1, Oliver Cowdery; 2, Joseph Coe; 3, Samuel H. Smith; 4, Luke Johnson; 5, John S. Carter; 6, Sylvester Smith; 7, John Johnson; 8, Orson Hyde; 9, Jared Carter; 10, Joseph Smith, Baba; 11, John Smith; 12, Martin Harris. Mushure meminamato muchechi wakapera.

OLIVER COWDERY

ORSON HYDE

Vanyori.

CHIKAMU 103

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 24 Kukadzi 1834 (History of the Church, 2:36–39). Chakazarurwa ichi chakagashirwa mushure mekusvika muKirtland, Ohio, kwaParley P. Pratt naLyman Wight, avo vakanga vabva kuMissouri kuti vazotaura neMuporofita pamusoro pekuyamurwa nekudzorerwa kweVatendi kuRuwa rweJackson.

1–4, *Sei Ishe vakabvumira Vatendi muRuwa rweJackson kuti vatabudzwe; 5–10, Vatendi vachakunda kana vakachengeta mirairo; 11–20, Rununuro rweZioni rwounounzwa nesimba; uye Ishe vachaenda mberi kwevanhu vavo; 21–28, Vatendi vanofanira kuungana muZioni, uye avo vacharasikirwa neupenyu hwavo vachahuwana zvakare; 29–40,*

Vazvarwa vakasiyana-siyana vanodaidzwa kuti vagadzire misasa yeZioni uye kuti vaende kuZioni; vanovimbiswa kukunda kana vachitendeka.

ZVIROKWAZVO ndinoti kwamuri, shamwari dzangu, tarisai ndichapa kwamuri chakazarurwa nemurairo, kuti mugoziva “zvekuita mukuita

basa renyu maererano neruponeso ^bnerununuro rwehama dzenyu, avo vakapararira nenyika yeZioni;

2 Vari ^avakatinhwa nekurohwa nemaoko evavengi vangu, avo vandichadeurira hasha dzangu dzisisina mwero munguva vangu.

3 Nokuti ndakabvumira kusvika zvino kuti ^avazadze chiyero chekuipa kwavo, kuti mukombe wavo uve wakazara;

4 Kuti avo vanozvidaidza nezita rangu ^avarangwe kwechinguva chidiki-diki nekurangwa kunorwadza kunosuwisa, nokuti havana ^bkumboteerera zvavo kumitemo nemirairo yandakavapa.

5 Asi zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndatsidza nechitsidzo icho chichaonekwa nevanhu vangu, kana vari vanoteerera kubvira panguva ino ^amukurira uko Ini, Ishe Mwari vavo, kwandichavapa.

6 Tarisai, nokuti ini ndazvitsidza, vachave vanotanga kukunda vavengi vangu kubvira panguva iyo ino.

7 Uye ^amukuteerera kuti vacherechedze ose mashoko Ini Ishe Mwari vavo, andichataura kwavari, havachazorega kukunda kudakara ^bumambo hwenyika hwakurirwa pasi petsoka dzangu, uye pasi ^crapihwa

^akuvatendi, kuti rive ^cravo nariini nariini.

8 Asi kana vari vasiri ^akuchengeta mirairo yangu, uye vasingateerere kuti vacherechedze ose mazwi angu, umambo hwenyika huchavakurira.

9 Nokuti vakaiswa kuti vave ^achiedza chenyika, uye nokuti vave vaponesi vevanhu;

10 Uye kana vasiri vaponesi vevanhu, vanoita ^asemunyu wadurungunda, uye nokudaro unenge usisina chawakanakira asi kuti urasirwe kunze uye uchitsikwa netsoka dzevanhu.

11 Asi zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndatsidza kuti hama dzenyu idzo dzakaparadzwa dzichidzoka ^akunyika dzenhaka yadzo, uye dzigovaka matongo enzvimbo dzeZioni.

12 Nokuti mushure mekuntswa ^akwakawanda, sekutaura kwandakaita kwamuri pane mumwe murairo, kunouya maropafadzo.

13 Tarisai, aya ndiwo maropafadzo andakavimbisa mushure mematambudziko enyu, uye nematambudziko ehama dzenyu, kununurwa kwenyu, uye nokununurwa kwehama dzenyu, kana nokudzorerwa kwavo kunyika yeZioni, kuti imiswe, kuti vasazodzikisirwa pasi zvakare.

14 Zvisinei, kana vakasvibisa

1b D&Z 101:43-62.

2a D&Z 101:1; 109:47.

3a Aruma 14:10-11;
60:13.

4a D&Z 95:1.

NKM Kuranga.

b D&Z 101:2; 105:2-6.

5a NKM Rairo.

7a D&Z 35:24.

NKM Anoteerera.

b Dan. 2:44.

c Dan. 7:27.

d NKM Mutendi.

e D&Z 38:20.

8a Mosaya 1:13;

D&Z 82:10.

9a 1 Ni. 21:6.

10a Mat. 5:13-16;

D&Z 101:39-40.

11a D&Z 101:18.

12a Zvaka. 7:13-14;

D&Z 58:4; 112:13.

nhaka dzavo vachakandwa pasi; nokuti handizovaregerera kana vakasvibisa nhaka dzavo.

15 Tarisai, ndinoti kwamuri, rununuro rweZioni rwunofanira kuunzwa nesimba;

16 Nokudaro, ndichamutsira vanhu vangu munhu achavatumungamira kufanana “naMosesi akatungamira vana valsraeri.

17 Nokuti imi muri vana vaIsraeri, uye “vembeu yaAbrahama, uye munofanira kutungamirwa kubuda muhusungwa nesimba, uye neruoko rwakatanbanudzwa.

18 Uye sekutungamirwa kwakaitwa madzibaba enyu pakutanga, kunyangwe saizvozvo ndizvozvichaitawo rununuro rweZioni ruchadaro.

19 Naizvozvo, musarege mwoyo yenyu ichineta, nokuti handitaure kwamuri sezvandakataura kumadzibaba enyu. “Ngirozi yangu ichaenda pamberi penyasi asi kwete ^bkuvepo kwangu.

20 Asi ndinoti kwamuri: “Ngirozi dzangu dzichaenda mberikwenyu, uye nekuvepo kwangu, uye nenguva ^bmuchawana nyika yakanaka.

21 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kuti muranda wangu Joseph Smith, Mwana ndiye “munhu andakafanandza nemuranda uyo akataurwa

naye naIshe ^bwemunda wemizambiringa mumufananidzowandakakupai.

22 Nokudaro, regai muranda wangu Joseph Smith, Mwana ati kune “simba remba yangu, majaya angu uye neavo vabvezera — Uganai pamwechete kunyika yeZioni munyika yandakatenga nemari iyo yakatsaurirwa kwandiri.

23 Uye chechi ngadzitumire varume vakangwara nemari dzavo, uye “vagotenga nzvimbo sekuraira kwandakaita kwavari.

24 Uye kana vavengi vangu vari vanouya kwamuri kuzokubvisai “munzvimbo dzandakakupai dzakanaka, idzo dzandakatsaura kuti dzive nyika yeZioni, kunyangwe kubva munzvimbo dzenyu mushure meuchapupu uhu, uho hwamakaunza pamberi pangu, muchavatuka.

25 Uye ani zvake amuchatuka, ini ndichamutuka, uye muchanditsividzira vavengi vangu.

26 Uye ini ndichange ndiripo nemi “pakutsividzira vavengi vangu, kusvika kuchizvarwa chechitatu nechina cheavo vanondivenga.

27 Ngakurege kuve nemunhu anotyia kupira upenyu hwake pamusana pangu, nokuti ani zvake “anopira upenyu hwake

16a Eks. 3:2–10;
D&Z 107:91–92.
NKM Mosesi.

17a NKM Abrahama—
Mbeu yaAbrahama;
Chibvumirano
chaAbrahama.

19a NKM Ngirozi.
^b D&Z 84:18–24.

20a Eks. 14:19–20.
^b D&Z 100:13.

21a D&Z 101:55–58.
^b NKM Munda
wemizambiringa
waIshe.

22a D&Z 35:13–14;
105:16, 29–30.

23a D&Z 42:35–36;

57:5–7; 58:49–51;
101:68–74.

24a D&Z 29:7–8;
45:64–66; 57:1–2.

26a D&Z 97:22.

27a Mat. 10:39;
Ruka 9:24;
D&Z 98:13–15;
124:54.

pamusana pangu achahuwana zvakare.

28 Uye ani zvake asingade kuisa upenyu hwake pasi pamusana pangu haasi mudzidzi wangu.

29 Chido changu kuti muranda wangu “Sidney Rigdon asimudze izwi rake ari kumakungano enyika dziri kumabvazuva, mukugadzira chechi dzenyika dziri kumabvazuva, mukugadzira machechi kuti vachengete mirairo yandakavapa pamusoro pekudzorerwa pakare nekunururwa kweZioni.

30 Kuda kwangu kuti muranda wangu Parley P. “Pratt uye nemuranda wangu Lyman Wight, vasadzokere kunyika yehama dzavo, kudakara vawana vekuenda navo kunyika yeZioni, vari mumakumi kana maviri, kana mashanu, kana mazana, kudakara vawana huwandu hunoita mazana mashanu ^besimba remba yangu.

31 Tarisai ichi ndichochido changu; kumbira uye uchagashira; asi vanhu “havaite kuda kwangu nguva dzose.

32 Naizvozvo, kana musingagone kuwana mazana mashanu, shingirirai kutsvaka kuti pamwe mungawane mazana matatu.

33 Uye kana mukatadza kuwana mazana matatu, shingirirai kutsvaka kuti zvimwe muwane zana rimwechete.

34 Asi zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndinokupai murai-

ro, kuti hamuzokwira kuenda kunyika yeZioni kudakara mawana zana revesimba remba yangu, kuti vaende nemi kunyika yeZioni.

35 Naizvozvo, sekutaura kwandaita kwamuri, kumbirai uye mugogashira; namatai zvikuru kuti zvimwe muranda wangu Joseph Smith, Mwana aende nemi, agotungamira ari pakati pevanhu vangu, uye agorongamambo hwangu panzvimbo “pakatsaurwa, uye vana veZioni pamutemo nemirairo iyo yakanga iripo ichapihwa kwamuri.

36 Kwose kukunda uye nokubwinya kunonzi kuitike kwamuri kuburikidza “noku-shingaira kwenyu, kutendeka, uye ^bneminamoto yerutendo.

37 Regai muranda wangu Parley P. Pratt afambe nemuranda wangu Joseph Smith, Mwana.

38 Regai muranda wangu Lyman Wight afambe nemuranda wangu Sidney Rigdon.

39 Regai muranda wangu Hyrum Smith afambe nemuranda wangu Frederick G. Williams.

40 Regai muranda wangu Orson Hyde afambe nemuranda wangu Orson Pratt, kwose zvako kwavanenge varairwa nemuranda wangu Joseph Smith, Mwana, mukutsvaka kuwana kuzadzikiswa kwemirairo iyi yandapa kwamuri, uye regai vanosara vari mumaoko angu. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

29a NKM Rigdon, Sidney.

30a NKM Pratt, Parley Parker.

^b D&Z 101:55.

31a D&Z 82:10.

35a D&Z 84:31.

36a NKM Hushingi.

^b D&Z 104:79-82.

CHIKAMU 104

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, 23 Kubvumbi 1834, maererano nehurongwa hwemubatanidzwa kana hurongwa hweChechi hwakamisirwa kubatsira varombo (History of the Church, 2:54-60). Rakanga riri zuva remusango weDare reVatungamiri vekutanga nevapirisita vepamusoro, umo makazeyiva nyaya dzekushaya kwevanhu hurongwa hwemubatanidzwa paKirtland hwakanga hwave kumbobviswa uye hozorongwa patsva naizvozvo zvinhu zvaitorwa seutariri zvakange zvave kugoverwa nhengo dzehurongwa.

1-10, Vatendi vanotadzira hurongwa hwemubatanidzwa vachatukwa; 11-16, Ishe vanogadzirira Vatendi vavo nenzira yavo; 17-18, Mutemo wevhangeri inotonga kuchengetwa kwevarombo; 19-46, Hutariri nemakomborero ehama dzakasiyana-siyana dzinodzika; 47-53, Hurongwa hwemubatanidzwa muKirtland, nehurongwa muZioni hwaizoshanda (pakepake) husina kubatana; 54-66, Dura reupfumi rinoyera raIshe rakamisirwa kunyorwa kwemagwaro matsvene; 67-77. Dura rezvakasiyana-siyana rehurongwa hwemubatanidzwa raizoshanda zvichibva mukubvumirana kwevose; 78-86, vose vari muhurongwa hwemubatanidzwa vanofanira kubhadhara zvikwere te zvavo zvose uyezve Ishe vaizovasunungura kubva (kuhuranda) husungwa hwezvemari.

ZVIROKWAZVO ndinoti kwamuri, shamwari dzangu ndinokupai kuraira nemurairo zviri pamusoro pemidziyo yose yehurongwa uho hwandakaraira kuti hurongwe nekumiswa kuti huve "hurongwa hwakaba-

tana uyezve husingaperi kuti zvinakire chechi yangu, nekuponesa vanhu kusvikira ndauya—

2 Nechivimbiso chisingasanduki kana chisingasandurwe zvichienda nekuti avo vanda-karaira vakaramba vakatendeka, vachakomborerwa nemakomborero akawandisa;

3 Asi pose pavainge vasina kutendeka vaive pedyo nekutukwa.

4 Naizvozvo, sezvo vamwe vevaranda vangu vasina kuchengeta murairo asi vakatyora chibvumirano pamusana "peruchiva, uye nemazwi ekunyepa, ndavatuka nekutuka kunorwanda uye kunosuvisa.

5 Nokuti Ini Ishe, ndazvitsidza mumwoyo mangu, kuti kana munhu upi zvake wechisungo akawanikwa ari mutadzi, kana nemamwe mazwi, akatyora chibvumirano icho chakakusungai, achatukwa muupenyu hwake, uye achatsikwa-tsikwa neuyo wandinenge ndada;

6 Nokuti Ini Ishe, "handisekwe muzvinhu izvi—

7 Uye zvose izvi kuti vasina

chavanoziva pakati penyu varege kutongwa pamwechete nevasakaruruma; uye nokuti vane mhosva pakati penyu havapunyuke; nokuti Ini Ishe, ndakavimbisa kwamuri “korona yekubwinya kuruoko rwangu rwerudyi.

8 Naizvozvo, sezvo mukawanikwa muri vatadzi, hamungapunyuke muhasha dzangu muupenyu hwenyu.

9 Kana muri “makaraswa pamusana pekutadza, hamungapunyuke ^bkunetswa ^cnaSatani kusvika muzuva rerununuro.

10 Uye zvino ndavekupa simba kubvira panguva ino, kuti ani zvake munhu pakati penyu, wemuchisungo, akawanikwa ari mutadzi uye akasatendeuka pachakaipa, kuti muchamuisa kunonetswa naSatani; uye haazove nesimba “rekuunza zvakaipa kwamuri.

11 Ungwaru mandiri, nokudaro murairo wandinokupai, kuti muzvironge pachenyu uye nokudomera wose munhu “hutariri hwake;

12 Kutu wose munhu ataure kwandiri pamusoro pehutariri hwake uhwo hwaakadomerwa;

13 Nokuti zvakafanira kuti Ini Ishe ndiite kuti wose munhu

“azvipindurire, ^bsemutariri wezvinhu zvepano pasi; izvo zvandakaita uye ndikagadzirira zvisikwa zvangu.

14 Ini Ishe, ndakatambanudza matenga, uye “ndikavaka nyika, ^bbasa remaoko angu; uye zvose zvinhu zvirimo ndezvangu.

15 Uye chinangwa changu chekuti ndiriritire vatendi vangu, nokuti zvose zvinhu ndezvangu.

16 Asi zvinofanira kuitwa “nemaitiro angu; uye tarisai iyi ndiyo nzira Ini Ishe, yandatsidza yekuriritira vatendi vangu, kuti ^bvarombo vagosimudzirwa, mukuti vapfumi vagoderedzwe.

17 Nokuti “nyika izere, uye mune zvakakwana nezvinotosara; hongu, ndakagadzira zvose zvinhu, uye ndikapa kuvana vevanhu kuti ^bvazvimirire pachavo.

18 Naizvozvo, kana mumwe munhu akatora kubva “panezvakaawanda izvi zvandakasiika, uye akasagovera chidimu chake, maererano ^bnemutemo wevhangeri rangu, ^ckuvarombo nevanoshaya, achasimudza meso ake, pamwechete nevakaipa, ari ^dmugehena, ari mukutambura.

7a Isa. 62:3;
D&Z 76:56.
NKM Kubwinya.

9a NKM Kubviswa
Hunhengo.
b D&Z 82:21.
c NKM Dhiabhorosi.

10a D&Z 109:25-27.

11a D&Z 42:32.
NKM Mutariri.

13a NKM Kudavira.
b D&Z 72:3-5, 16-22.

14a Isa. 42:5; 45:12.
NKM Sika.

b Mpi. 19:1; 24:1.

16a D&Z 105:5.
NKM Ruyamuro.

b I Sam. 2:7-8;
Ruka 1:51-53;
D&Z 88:17.

17a D&Z 59:16-20.
NKM Pasi.

b NKM Kuzvisarudzira.

18a Ruka 3:11;
Jkb. 2:15-16.

b D&Z 42:30.

c Zir. 14:21;
Mosaya 4:26;
D&Z 52:40.

d Ruka 16:20-31.

19 Uye zvino zvirokwasvo ndinoti kwamuri, maererano nemidziyo “yehurongwa—

20 Regai muranda wangu Sidney Rigdon adomerwe nzvimbo iyo yaari kugara iyezvino, uye nenzvimbo yekusuka matehwe kuhutariri hwake, kuitira kuti awane chekubata achishanda mumunda wangu wemizambiringa, kunyangwe sekuda kwangu, pandichataura kwaari.

21 Uye regai zvose zvinhu zviitwe maererano nekuraira kwehurongwa nemvumo yemubatanidzwa kana neizwi rehurongwa revagari vemunyika yeKirtland.

22 Uye hutariri uhu neparopafadzo, ini Ishe, ndinoisa pamuranda wangu Sidney Rigdon kuitira maropafadzo paari uye nekumbeu mushure make.

23 Uye ndichawanza maropafadzo paari kana ari anenge akazvininipisa pamberi pangu.

24 Uye zvakare, regai muranda wangu Martin Harris, adomerwe, hutariri hwake, nzvimbo iyo yakawanikwa nemuranda wangu John Johnson yeyakange iri nhaka yake, yake iye nembeu yake mushure make;

25 Uye kana achinge akavimbika, ndichapamhidzira maropafadzo paari uye nekumbeu yake mushure make.

26 Uye regai muranda wangu Martin Harris aise mari yake mukutaura mazwi angu, maererano nezvichataurwa nemuranda wangu Joseph Smith, Mwana.

27 Uye zvakare, Frederick G. Williams ave nenzvimbo apo paagere iyezvino.

28 Uye muranda wangu Oliver Cowdery ngaawane nzvimbo iyo yakabatana nemba, iyo ichave hofisi yekudhinda, iri iyo nzvimbo yekutanga, uyewo nenzvimbo apo pagere baba vake.

29 Uye regai varanda vangu Frederick G. Williams naOliver Cowdery vave nenzvimbo yekudhindira uye nezvose zvinhu zvinoenderana nayo.

30 Uye uhu ndihwo huchave hutariri hwavo huchapihwa kwavari.

31 Uye kana vari vanotendeka, tarisai ndichavaropafadza, uye ndigopamhidzira maropafadzo pavari.

32 Uye uku ndikokutanga kwehutariri hwandavadomera, ivo nembeu yavo mushure mavo.

33 Uye kana vari vanotendeka, ndichapamhidzira maropafadzo pavari uye nekumbeu yavo mushure mavo, kana maropafadzo akawanda zvakapetwa.

34 Uye zvakare, regai muranda wangu John Johnson awane imba iyo yaagere, uye nenhaka, yose kunze kwenzvimbo yakasiirwa “kuvaka dzimba dzangu, zviri maererano neiyo nhaka, uye neidzo nzvimbo dzadaidzirwa muranda wangu Oliver Cowdery.

35 Uye kana ari akatendeka, ndichapamhidzira maropafadzo paari.

36 Uye chido changu kuti ano-

fanira kutengesa idzo nzvimbo dzakakamurwa kuitira kuvaka guta revatendi vangu, kana kuti zvichienderana nekuziviswa kwazvichaita kwavari “nezwi reMweya, nemaererano nekuraira kwehurongwa, nezwi rehurongwa.

37 Uye uku ndikokutanga kwehutariri uhwo hwandakamudomera, semaropafadzo kwaari uye nekumbeu yake mushure make.

38 Uye kana ari anotendeka, ndichawanza zvakaipetwa maropafadzo paari.

39 Uye zvakare, regai muranda wangu Newel K. “Whitney adomerwe nzvimbo nedzimba iye zvino, apo pane zvitoro, uyewo nenzvimbo iri parutivi nechekuchamhembe kwechitoro uyewo nenzvimbo iyo inemba inogadzirirwa sipo nezvimwe zvakadaro.

40 Uye zvose izvi ndazvidomera kumuranda wangu Newel K. Whitney sehutariri hwake, semaropafadzo paari uye nekumbeu yake mushure make, kuyamura zvitoro zvechirongwa changu icho chandakamisira hoko yangu munyika yeKirtland.

41 Hongu, zvirokwazvo, uhu ndihwo hutariri hwandadomera kumuranda wangu Newel K. Whitney, kunyangwe zvose zvitoro zvino, iye “nemumiriri wake, uye nekumbeu yake mushure make.

42 Uye kana ari anotendeka mukuchengeta mirairo yangu, iyo yandakamupa, ndichapamhidzira maropafadzo paari uye nekumbeu yake mushure make, kunyangwe maropafadzo akapetwa zvakanwanda.

43 Uye zvakare regai muranda wangu Joesph Smith, Mwana adomerwe nzvimbo iyo yakasiirwa kuvakwa kwemba yangu, iyo yakareba zvinoita mazana maviri enhano kureba uye negumi nembiri kupamhama, uye nenhakawo apo pagerere baba vake;

44 Uye uku ndiko kutanga kwehutariri uhwo hwandakamudomera, uye kuti ndimuropafadze, uye nababa vakewo.

45 Nokuti tarisai, ndachengezedza nhaka “yababa vake, kuti zvivayamure; nokudaro vachaverengerwa mumba yemuranda wangu Joseph Smith, Mwana.

46 Uye ndichapamhidzira maropafadzo mumba yemuranda wangu Joseph Smith, Mwana, kana ari akatendeka, kunyangwe maropafadzo akapetwa zvakanwanda.

47 Uye zvino, murairo ndinopa kwamuri maererano neZioni, kuti hamuchasungirwa hurongwa kuramba muri semubatanidzwa kuhama dzenyu dzeZioni, asi mune izvi chete—

48 Mushure mekunge maronga, muchadaidzwa kuti Hurongwa hweMubatanidzwa “hweHoko yeZioni, Guta reKirtland.

36a NKM Zvakazarurwa.
39a NKM Whitney,
Newel K.
41a D&Z 84:112-113.

45a D&Z 90:20.
NKM Smith,
Joseph, Baba.
48a D&Z 82:13; 94:1;

109:59.
NKM Hoko.

Uye hama dzenyu, mushure mekunge varongwa, vachadaidzwa kuti Hurongwa hweMubatanidzwa hweGuta reZioni.

49 Uye vacharongwa muma-zita avo, uye nemuzita ravo; uye vachaita basa ravo muzita ravo, uye nemumazita avo;

50 Uye imi muchaita basa renyu muzita renyu, uye nemumazita enyu.

51 Uye ndazviraira kuti zviitwe kuti muwane ruponeso, uyewo neruponeso rwavo, pamusana “pekutandwa kwavo uye nepamusana peicho chichauya.

52 “Zvibvumirano zviriri kutyorwa kuburikidza nokutadza, ^bneruchiva uye nemazwi ekunyepera—

53 Naizvozvo, maputswa sechirongwa chemubatanidzwa pamwe nehama dzenyu, kuti hamuna kusungirwa kwavari kubvira panguva ino chete, kunze kwemune izvi, sekutaura kwandakaita, muchikwereti sezvichabvumirwa nehurongwa huno mudare, sezvinobvumidzwa nemamiriro enyu nekutungamira kuchaita izwi redare.

54 Uye zvakare, murairo ndinopa kwamuri maererano nehutariri hwenyu uho hwandakadoma kwamuri.

55 Tarisai, yose midziyo iyi ndeyangu, kana zvisiriizvo rute-ndo rwenyu haruna basa, uye munowanikwa muri vanyengedzi, uye zvibvumirano zvamakaita kwandiri zvakatyorwa.

56 Uye kana midziyo iri yangu,

zvino imi “murivatariri; pasi-naizvo hamungave vatariri.

57 Asi, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndakakudomai kuti muve vatariri vemba yangu, kunyangwe vatariri vechokwadi.

58 Uye nechinangwa ichi ndakakurairai kuti muzvironge pachenyu, kunyangwe kutsikisa mazwi “angu, zvizere zvemagwaro angu matsvene, zvakarurwa zvandakapa kwamuri, nezvandichakupai kubvira zvinu, nguva nenguva

59 Nechinangwa chekuvaka chechi yangu neumambo hwangu pasi pano nokugadzirira vanhu “nguva ^byandichagara navo, iyo yave pedyo.

60 Uye imi muchazvigadzirira nzvimbo yekuisa pfuma uye moitsaurira kuzita rangu.

61 Uye muchadoma mumwe pakati penyu anochengeta panoiswa pfuma, uye achagadzwa kumaropafadzo aya.

62 Uye pachave nechisimbiso papfuma, uye zvose zvinhu zvinoyera zvichaiswa munzvimbo yepfuma iyi, uye hapana munhu pakati penyu achaiti ndeyake, kana rumwe rutivi rwayo, nokuti ichange iri yenyu mose muri pamwechete.

63 Uye ndinoipa kwamuri kubvira panguva iyo ino; saka chionai kuti maenda kunoshandisa hutariri hwandakadoma kwamuri, husingabatanidzire zvinoera, nechinangwa chekuti zvinhu izvi zvinoyera zvinoyrwe sekutaura kwandakaita.

51a D&Z 109:47.

52a NKM Chibvumirano.
b NKM Kuchiva.

56a NKM Mutariri.

58a NKM Dudziro
yaJoseph Smith (DJS).

59a NKM Mereniamu.

b D&Z 1:35–36; 29:9–11.

64 Uye zvinenge “zvawanikwa pamusana pezvinhu zvinoyera zvichaiswa munochengeterwa pfuma; uye pachave nesimbiso pairi uye hazvizoshandiswa kana kuburitsa munzvimbo yepfuma naani zvake, kana chinamo hachizobviswa chinenge chaiswa, asi chete nezwi rechisungo, kana nemurairo

65 Uye ndikokuchengetedza kwamuchaita zvinowanikwa muzvinhu zvinokosha zviri muzvimbo inochengeterwa pfuma, kuitira zvinangwa zvinoyera nezvitsvene.

66 Uye iyi ichinzi nzvimbo inoyera inochengeterwa pfuma yaIshe; uye chitsikiso chichaiswa pairi kuti ive tsvene uye yakatsaurirwa kuna Ishe.

67 Uye zvakare, kuchave neimwe nzvimbo yepfuma ichagadzirirwa, uye koiswa muchengeti anochengeta nzvimbo yepfuma uye ichiiswa chisimbiso pairi.

68 Uye dzose mari dzamunogashira muhutariri hwenyu, nokuvandudzira pazvinhu zvandakakupai, mudzimba, kana munzvimbo, kana kumombe, kana muzvinhu zvole, kunze chete kwezvinyorwa zvitsvene zvinoyera, izvo zvandakazvichengetera ini parutivi nezvinangwa zvitsvene nezvinoyera, zvichakandwa mumba yepfuma nokukurumidza mangoitambara mari yacho, kana ari mazana, kana makumi mashanu, kana makumi maviri, kana gumi, kana shanu.

69 Kana nemamwe mazwi, kana ani zvake munhu pakati penyuru akawana madhora mashanu, ngaakande mumba yepfuma kana akawana gumi, kana makumi maviri, kana makumi mashanu, kana zana, ngaaita zvimwechetezvo;

70 Uye ngakurege kuva nemumwe pakati penyuru anoti ndeyake ega; nokuti haizodaidzwa kuti ndeyake kana chidimu zvacho chayo.

71 Uye hakuna chidimu chayo chinoshandiswa, kana kubviswa mumba yepfuma, asi chete nezwi uye nokubvumirana kwechisungo.

72 Uye iri richave izwi nokubvumirana kwechisungo—kuti ani zvake munhu pakati penyuru ati kumuchengeti wehomwe; ndirikuda izvi kuti zvindiyamure muhutariri hwangu—

73 Kana ari madhora mashanu, kana ari madhora gumi, kana makumi maviri, kana makumi mashanu, kana zana, muchengeti wehomwe achamupa mari yaari kuda kumuyamura muhutariri hwake—

74 Dakara awanikwa ari mutadzi, uye zvaratidzwa kudare rechisungo zviri pachena kuti haatendeseke uye mutariri “asina kungwara.

75 Asi kana ari mukufambidzana zvizere, uye ari anotendeka uye akangwara muhutariri hwake, ichi ndichochichave chiratidzo chake kumba yepfuma kuti muchengeti wehomwe asazoramba.

76 Asi kana paripaitwa chitadzo muchengeti wehomwe achatarisa kudare uye nekuzwi rechisungo.

77 Uye kana muchengeti wehomwe akawanikwa asiri akatendeka uye ari mutariri asina kungwara, achatongwa nedare, uye nezwi rechisungo, uye achabviswa panzvimbo yake, uye “mumwe obva adomwa munzvimbo make.

78 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, pamusoro pezvikwereti zvenyu—tarisai chido changu chekuti “mubhadhare ^bzvikereti zvenyu.

79 Uye kuda kwangu kuti “muzvinipise pamberi pangu, kuti muwane maropafadzo aya ^bnekushingaira kwenyu uye nokuzvinipisa nemunamoto werutendo.

80 Uye kana muri munoshingaira uye makazvinipisa, uye muchiita “munamoto werutendo, tarisai, ndichapfaviswa mwoyo yeavo vamuine zvikwereti navo, dakara ndatumira nzira kwamuri yekuti mubve mazviri.

81 Naizvozvo, nyorerai nokukurumidza kuNew York uye munyore zviri maererano nezvichataurwa “neMweya wangu;

uye ndichapfaviswa mwoyo yeavo vamuine zvikwereti navo, kuti zvibviswe mupfungwa dzavo kuti vakupinzei mumatambudziko.

82 Uye kana muri “makazvinipisa uye muchitendeka uye muchidaidza zita rangu, tarisai, ndinokupai ^bkukunda.

83 Ndinopa kwamuri chivimbiso, kuti muchabviswa kamwechete kano kubva muhusungwa hwenyu.

84 Kana muri munowana mukana wekukwereta mari iri mumazana, kana muzviuru, kana kudakara makwereta inokwanisa kukubvisai muhusungwa, zviri kwamuri.

85 Uye ipai midziyo yandakaisa mumaoko enyu, kwazvino chete nekupa mazita enyu nokutenderana kana neimwewo nzira, izvo zvamuchaona zvichinge zvakana kwamuri.

86 Ndinopa kwamuri mukana uyu, zvino chete; uye tarisai, kana mukaita zvinhu zvandaisa pamberi penyu, maererano nemirairo yangu, zvose zvinhu izvi ndezvangu, uye imi muri vatariri vangu, uye tenzi haazobvumira kuti imba yake ipazwe. Kuyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 105

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paRwizi rweFishing, Missouri, 22 Chikumi 1834 (History of the Church, 2:108–111). Kurwiswa nemhomo dzevanhu kweVatendi muMissouri

77a D&Z 107:99–100.

78a D&Z 42:54.

^b NKM Mungava.

79a NKM Akazvinipisa.

^b NKM Hushingi.

80a Jkb. 5:15.

81a NKM Mweya

Mutsvene.

82a Ruka 14:11;

D&Z 67:10.

^b D&Z 103:36.

kwakanga kwawanda, uye mapoka akarongwa aibva mumatunhu akasiyana-siyana akanga atsidza kuda kwawo kuparadza vanhu. Muporofita akanga abva kuKirtland akatungamira chikwata chainzi Musasa we-Zioni, vachiunza zvipfeko nezvekudya. Chikwata ichi chakanga chiri paRwizi rweFishing, Muporofita akagashira zvakazarurwa izvi.

1-5, *Zioni inovakwa nokuteedza mutemo weumambo weseresitiyaro; 6-13, Kununurwa kweZioni kunombomiswa kwechinguwa; 14-19, Ishe vacharwa hondo dzeZioni; 20-26, Vatendi ngavave vakangwara uye vasingazvikudze mune zvemabasa makuru pavanoungana; 27-30, Nzvimbo dziri muJackson namaruwa akabatana nayo dzinofanira kutengwa; 31-34, Magosa anofanira kugashira endawementi mumba maIshe muKirtland; 35-37, Vatendi vakadaidzwa vose nokusarudzwa vakacheneswa; 38-41, Vatendi vanofanira kusimudzira mureza werunyararo kunyika.*

ZVIROKWAZVO ndinoti kwamuri mazviunganidza pamwechete kuti mudzidze chido changu maererano “norununuro rwevangu vanotambudzika—

2 Tarisai, ndinoti kwamuri, dai pasina “kutadza kwevanhu vangu, ndichataura maererano nechechi kwete zvemunhu mumwe nemumwe, vangadai zvimwe iye zvino vakatonunurwa.

3 Asi tarisai, havasati vadzidza kuteerera kuzvinhu zva-ndakati ndinozvida kubva

kwavari, asi vazere nezvakaipa zvakasiyana-siyana, uye “havape upfumi hwavo, sezvazvinofanira kuitwa neVatendi, kuvarombo nevanotambudzika vari pakati pavo;

4 Uye havana “kubatana maererano nokubatana kunodiwa nemurau weumambo weseresitiyaro;

5 Uye “Zioni haigone kuvakwa ^bkunze kwekuburikidza nebumbiro ^cremutemo weumambo hweseresitiyaro, pasina izvozvo handingaigashire kwandiri.

6 Uye vanhu vangu vanofanira “kurangwa kudakara vadzidza ^bkuteerera, kana zviri zvakafanira, kuburikidza nematambudziko.

7 Handizikutaura pamusoro peavo vakadomwa kuti vatungamire vanhu vangu, vari ivo magosa “ekutanga echechi yangu, nokuti havasi vose vari pasi pekutongwa kuno.

8 Asi ndiri kutaura pamusoro pechechi dzangu dziri kure—kune vazhinji vachati: Ko Mwari wavo aripi? Tarisai achavanunura munguva dzematambudziko, nokuti hatingaende kuZioni, uye tichachengeta mari dzedu.

105 1a D&Z 100:13.

2a D&Z 104:4-5, 52.

3a Mabasa 5:1-11;

D&Z 42:30.

NKM Gadza, Mutemo

weruGadzo.

4a D&Z 78:3-7.

5a NKM Zioni.

b D&Z 104:15-16.

c D&Z 88:22.

6a D&Z 95:1-2.

NKM Kuranga.

b NKM Anoteerera.

7a D&Z 20:2-3.

9 Naizvozvo, pamusana “pe-
kutadza kwevanhu vangu,
zvakanaka kwandiri kuti ma-
gosa angu ambomirira kwechi-
nguva rununuro rweZioni.

10 Kuti ivo pachavo vagadzi-
rire, uye kuti vanhu vangu va-
dzidziswe zvakanakwana, uye
vagoona, nokuziva zvakanakwa-
na pamusoro “pebasa ravo, uye
nezvinhu zvandinoda kubva
kwavari.

11 Uye izvi hazvizoitika kusvi-
ka “magosa angu ^baropafadzwa
nesimba rinobva kumusoro.

12 Nokuti tarisai, ndagadzira
endawumenti huru nemaropa-
fadzo “achadirwa pavari, kana
vari vakatendeka uye vachira-
mba vakazvininipisa pamberi
pangu.

13 Naizvozvo zvakanaka kwa-
ndiri kuti magosa angu anofa-
nira kumirira kwechinguva,
rununuro rweZioni.

14 Nokuti tarisai, handidi kuti
ivo varwe hondo yeZioni; no-
kuti sekutaura kwandakambo-
ita mune mumwe murairo,
kunyangwe saizvozvo ndicha-
zvizadzikisa —^andicharwa ho-
ndo dzenyu.

15 Tarisai, ^amuparadzi nda-
mutumira kuti anoparadza no-
kusakadza vavengi vangu uye
pasina makore mazhinji kubva
zvino havachazoregwa vachi-
svibisa nhaka yangu, ^bnokutuka
zita rangu munyika ^cdzandaka-

tsaurira kuitira kuungana pa-
mwechete kwevatendi vangu.

16 Tarisai, ndaraira muranda
wangu Joseph Smith, Mwana
kuti ati “kusimba remba yangu,
kunyangwe mawuto angu, ma-
jaya angu, neavo vabvezera,
kuti vaungane pamwechete kui-
tira rununuro rwevanhu vangu,
uye vagokoromora nharire
dzevavengi vangu, nokupara-
dza ^bnharire dzavo;

17 Asi vesimba remba yangu
havana kuteerera kumazwi
angu.

18 Asi kana pane avo vakatee-
rera kumazwi angu, ndavaga-
dzirira maropafadzo “neenda-
wumenti, kana vakaramba vari
vakatendeka.

19 Ndanzwa minamoto yavo,
uye ndichatambira mipiro yavo;
uye zvakanaka kwandiri kuti
vanofanira kusvitswa kwose
uko kuitira kuti vayedzwe
“murutendo rwavo.

20 Uye zvino zvirokwazvo
ndinoti kwamuri, ndinokupai
murairo kuti vose vakauya
kuno, vanokwanisa kugara mu-
dunhu rino, regai vagare;

21 Uye avo vasingakwanise
kugara, vane mhuri dziri kuma-
bvazuva, regai vambogara kwe-
chinguva, kana muranda wangu
Joseph ari avadomera kudaro;

22 Nokuti ndichamuraira
pamusoro penyaya iyi, uye
nezvose zvinhu zviri zvipi zva-

9a D&Z 103:4.

10a NKM Basa.

11a NKM Gosa.

^b D&Z 38:32; 95:8.

NKM Endawumenti.

12a D&Z 110.

14a Josh. 10:12–14;

Isa. 49:25;

D&Z 98:37.

15a D&Z 1:13–14.

^b D&Z 112:24–26.

NKM Kutaura zvisina.

^c D&Z 84:3–4; 103:35.

16a D&Z 101:55;

103:22, 30.

^b NKM Murindiri.

18a D&Z 110:8–10.

19a NKM Rutendo.

zvo zvaachavasarudzira zvi-chazadzikiswa.

23 Uye vanhu vangu vagere mumatunhu akatenderedza vanofanira kuve vakatendeka zvikuru, vazere nokunamata, uye vakazvityora pamberi pangu, uye vasingaratidze zvinyu zvandakaratidza kwavari, kusvika hwave ungaru mandiri kuti zviratidzwe.

24 Musataure nezvekutongwa, kana "kuzvikudza pamusana perutendo kana pemabasa makuru, asi nyatsounganai pamwechete, vose vanokwanisa kugara mudunhu rimwechete, maererano nezvido zvevanhu;

25 Uye tarisai, ndichakupai kutarirwa nenyasha mumaziso avo, kuti muzorore muri "muru nyararo uye pasina chinokuwanai, uye imi muchiti kuvanhu: Titongei uye nokururamisa maererano nemurau, uye mutigadzirise mukukanganisa kwehu.

26 Zvino tarisai, ndinoti kwamuri, shamwari dzangu, nenzi- ra iyi mungawane kudiwa mumaziso evanhu, kusvika "mauto eIsraeri ave makuru kwazvo.

27 Uye ndichapfavisira mwoyo yevanhu sezvandakaita mwoyo "waFarao nguva nenguva, kusvika muranda wangu Joseph Smith, Mwana nemaGosa angu, avo vandakadoma, vave nenguva yekuunganidza vesimba remba yangu.

28 Uye nokunge ndatumira varume vane "ungwaru, kuti vazadzikise icho chandakaraira maererano ^bnekutengwa kwenzvimbo dziri muruwa rwe-Jackson idzo dzinotengeka, uye nemumaruwa ari pedyo akatenderedza.

29 Nokuti chido changu chekuti nzvimbo idzodzi dzitengwe; uye mushure mekunge dzatengwa, kuti vatendi vangu dzive dzavo, uye zviri maererano nemirau "yekutsaurwa yandakapa.

30 Uye mushure mekunge nzvimbo idzi dzatengwa, handizowana "mauto eIsraeri aine mhosva mukutora kwavo nzvimbo dzavo, idzo dzavakanga vatenga nemari yavo, uye nokukoromora nharire dzevavenge vangu avo vanenge vari pavari uye vachiparadza varindi vavo, ^bnokunditsivira vavenge vangu kusvika kuchizvarwa chechitatu nechechina cheavo vanondivenga.

31 Asi chekutanga regai hono yangu itange yakura chazvo, uye murege "icheneswe pamberi pangu, kuti ive yakana sezuva, uye yakachena ^bsemwedzi, uye kuti mireza yavo ive inotyisa zvikuru kumarudzi ose;

32 Kuti umambo hwepasi pano hungamanikidzwe kuti huzive kuti umambo hweZioni

24a D&Z 84:73.

NKM Kudada.

25a NKM Runyararo.

26a Joere 2:11.

27a Gen. 47:1-12.

28a D&Z 101:73.

^b D&Z 42:35-36.

29a D&Z 42:30.

NKM Gadza, Mutemo weruGadzo;

Hurongwa

hwemubatanidzwa.

30a D&Z 35:13-14;

101:55; 103:22, 26.

^b D&Z 97:22.

31a NKM Kutsveneswa.

^b Rwiyo. 6:10;

D&Z 5:14; 109:73.

ndihwo zvirokwasvo “umambo hwaMwari wedu naKristu wavo; nokudaro ngativei ^bpasi pemitemo yahwo.

33 Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, zvakanaka kwandiri kuti magosa ekutanga echechi yangu vanofanira kugashira “endawumenti dzavo kubva kumusoro mumba mangu, iyo yandakati ivakwe muzita rangu munyika yeKirtland.

34 Uye itai kuti iyo mirairo yandakapa pamusoro peZioni uye “nemutemo wayo zviitwe uye zvizadzikiswe, mushure merununuro rwayo.

35 Kwakaita zuva “rekudzidza, asi nguva yasvika yezuva rekusarudza; uye regai vasarudzwe avo ^bvakakodzera.

36 Uye zvicharatidzwa kumuranda wangu nezwi reMweya, avo “vakasarudzwa; uye ^bvachacheneswa;

37 Uye kana vari vanotevedza “kurairwa kwavachagashira, vachawana simba mushure memazuva mazhinji rekuita zvose zvinhu zviriri maererano neZioni.

38 Uye zvakare ndinoti kwamuri, kumbirai runyararo, kwechete kuvanhu vakurwisai, asiwo nekuvanhu vose;

39 Uye simudzai “mureza ^bwerunyayaro, uye mudaidzire runyararo kusvika kumagumo enyika;

40 Uye itai zvirongwa zverunyararo kune avo vakurwisai, zviriri maererano nezwi reMweya uyo uri mamuri, uye “zvose zvinhu zvichashanda pamwechete kukupundutsai.

41 Nokudaro, ivai makate ndeka; uye tarisai, uye onai, “ndinemi kana kusvika kumagumo. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 106

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paKirtland, Ohio, 25 Mbudzi 1834 (History of the Church, 2:170-171). Chakazarurwa ichi chakanangana naWarren A. Cowdery, mukoma waOliver Cowdery.

1-3, Warren A. Cowdery Anodaidzwa semutungamiri wenzvimbo iyoyo yaanogara; 4-5, Kuuya Kwechipiri hakuzonyangira vana vechi-

edza sembavha; 6-8, Maropafadzwo makuru anotevera basa rakatendeka muChechi.

32a Zvaka. 11:15.
 NKM Umambo
 hwaMwari kana
 Umambo
 hweKudenga.
^b NKM Hurumende.
 33a D&Z 95:8-9.
 NKM Endawumenti.
 34a NEMAMWE MAZWI

D&Z 42
 rinozivikanwa se
 “Mutemo.”
 35a NKM Akadaidzwa
 naMwari.
^b NKM Anechiremera.
 36a D&Z 95:5.
 NKM Akasarudza,
 Akasarudzwa.

^b NKM Kutsveneswa.
 37a NKM Rairo.
 39a NKM Mureza.
^b NKM Runyararo.
 40a VaR. 8:28;
 D&Z 90:24; 100:15.
 41a Mat. 28:19-20.

CHIDO changu kuti muranda wangu Warren A. Cowdery adomwe uye agogadzwa kuve mupirisita wepamusoro anotungamira chechi yangu munyika “yeFreedom uye nemumatunhu akakomberedza;

2 Uye agoparidza vhangeri rangu risingaperi, uye achisimudzwa izwi rake uye achiyambira vanhu, kwete avo vari munzvimbo make chete, asi vari munzvimbo dzakabatana nekwake;

3 Uye aise nguva yake yose kubasa iri guru uye dzvene, iro randave kumupa iye zvino, “achitsvaka nechido ^bumambo hwekudenga uye nekukurama kwahwo, uye zvose zvinhu zvinofanirwa zvichapamhidzirwa pane izvozvi; nokuti ^cmushandi akakodzera mubairo wake.

4 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwauri “kuuya kwaIshe kuri ^bkuswedera, uye kunonyangira nyika ^csembavha husiku—

5 Naizvozvo, sungira nguwo dzako muchiuno, kuti muve vana “vechiedza, uye kuti zuva iroro rirege ^bkukunyangirai sembavha.

6 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kwakave nerufaro kudenga apo muranda wangu Warren akakotamira tsvimbo yangu, uye akazvibvisa mukunyengedza kwevanhu;

7 Naizvozvo, akaropafadzwa muranda wangu Warren, nokuti ndichamunzwira tsitsi; uye zvisinei “nokuipa kwe-mwoyo wake, ndichamusimudzira kana ari anozvininipisa pamberi pangu.

8 Uye ndichamupa “nyasha nerusimbiso zvichaita kuti akwanise kumira; uye akaramba ari mupupuri anotendeka uye ari chiedza kucheche ndamugadzirira ngundu ^bmudzimba dzaBaba vangu. Kunyange saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 107

Zvakazarurwa zviri maererano nehupirisita, zvakapihwa kubirikidza naJoseph Smith, Muporofita, paKirtland, Ohio, musi wa28 Kurume 1835 (History of the Church, 2:209–217). Pazuva rataurwa, vaneGumi neVaviri vakasangana sedare, vachireurura kusasimba kwavo pamunhu nemunhu nezvaaitadza, uye vachitaura rutendeuko, uye vachitsvaka kuramba vakatungamirwa naIshe. Vakange vave pedyo nokuparadzana kuti vanoparidza kumaruwa avakanga vapihwa. Kana dai zvazvo zvimwe zvechikamu chino zvakagashirwa pazuva rataurwa, zvinyorwa

106 1a NEMAMWE MAZWI
guta reFreedom,
New York, nenzvimbo
dzakatenderedza.
3a Mat. 6:33.
^b NKM Umambo
hwaMwari kana
Umambo

hweKudenga.
^c Mat. 10:10; D&Z 31:5.
4a Jkb. 5:8.
^b NKM Mazuva
Ekupedzisira.
^c I VaT. 5:2.
5a NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.

^b Zvaka. 16:15.
7a NKM Chisina Maturo.
8a NKM Nyasha.
^b Joh. 14:2;
Eta 12:32–34;
D&Z 59:2; 76:111;
81:6; 98:18.

zvenhoroondo zvinotsinhira kuti zvidimu zvechikamu chino zvakagashirwa munguva dzakasiyana-siyana, zvimwe zvacho zvakagashirwa muna Mbudzi 1831.

1-6, *Kune hupirisita huviri: hwaMerkizedeki nehwaAroni; 7-12, Avo vane hupirisita hwaMerkizedeki vanesimba rekutungamira nezvigaroro zvoose zviri muChechi; 13-17, Vehubhishopi vanotungamira hupirisita hwaAroni, uhwo hunotonga zvemabasa ekunze; 18-20, hupirisita hwaMerkizedeki hune makiyi emaropafadzo ose eMweya; Hupirisita hwaAroni, hune makiyi ekushanda kwengirozi; 21-38, VeHutungamiri Hwekutanga, nevaneGumi neVaviri, nevemakumi manomwe ndivovano-umba zvikwata zvinotungamira, zvananomisa zvichiitwa mukabatana nemukururama; 39-52, Hurongwa hwemadzibaba hwakamiswa kubvira kuna Adama kusvika kuna Noa; 53-57, Vatendi vakare vakaungana paAdama-ondi-Amani, uye Ishe vakazviratidza kwavari: 58-67, VaneGumi neVaviri vanorongwa vashandi veChechi munzira kwayo; 68-76, Mabhi-shopi vanoshanda sevatongi muIsraeri; 77-84, Vehutungamiri Hwekutanga nevaneGumi neVaviri ndivo vanoita dare guru repamusoro-soro muChechi; 85-100, vanotungamira vehupirisita, vanotonga zvikwata zvavo.*

MUCHECHI mune hupirisita huviri, "hwaMerkizede-

ki^bnehwaAroni, kusanganisira hupirisita hwaRevi.

2 Sei hwekutanga huchidaidzwa kunzi hupirisita hwaMerkizedeki pamusana pekuti "Merkizedeki akanga ari mupirisita wepamusoro-soro.

3 Asati avepo hwaidaidzwa kunzi Hupirisita Hutsvene "hwe-Hurongwa hweMwanakomana waMwari.

4 Asi nokuda kwekukudza kana "kuyeresana zita raMwari, kuti zita ravo risarambe richingodaidzwa, iyo chechi mumazuva ekare, yakaidaidza hupirisita uhu nezita raMerkizedeki, kana kuti Hupirisita hwaMerkizedeki.

5 Ose mamwe masimba kana zvigaroro muChechi "zvibatandzwa muhupirisita uhu.

6 Asi kune mapoka maviri kana hutungamiri hukuru—humwe ndihwo Hupirisita hwaMerkizedeki, uye humwe ndehwaAroni kana Hupirisita "hwaRevi.

7 Chigaroro "chehugosa chino-uya pasi pehupirisita hwaMerkizedeki.

8 Hupirisita hwaMerkizedeki ndihwo hune kodzero yehutungamiri, uye hune simba "nemvumo pamusoro pezvimwe zvigaroro zvoose zviri muChechi

107 1a NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.
b NKM Hupirisita hwaAroni.
2a DJS, Gen. 14:25-40;

D&Z 84:14.
NKM Merkizedeki.
3a Aruma 13:3-19;
D&Z 76:57.
4a NKM Ruremekedzo.

5a D&Z 84:29; 107:14.
6a Deut. 10:8-9.
7a NKM Gosa.
8a NKM Mvumo.

kumazera ose epasi, kushandira muzvinhu zvole zvemweya.

9 ^aVatungamiri veHupirisita Hwepamusoro, muchikwata chaMerkizedeki, vanemvumo yekushandira muzvigaro zvole zviru muचेचि.

10 Vapirisita ^avepamusoro vemuhurongwa hweHupirisita hwaMerkizedeki ^bvanekodzero yekushandira vari pachavo, vari pasi pekurairwa nevehutungamiri, mukuita basa rezvinhu zvemweya, uyewo nemuchigaro chagosa, mupirisita (wehurongwa hwaRevi), mudzidzisi, dhikoni, nenhengo.

11 Gosa anogona kushanda munzvimbo yamupirisita wepamusoro kana asipo.

12 Mupirisita wepamusoro negosa vanofanirwa kushandira zvinhu zvemweya, zvinotenderana nezvibvumirano nemirairo yeचेचि; uye vane kodzero yekushanda muzvigaro zvole izvi zveचेचि kana pasina vakuru vari pamusoro pavo.

13 Hupirisita hwechipiri hunonzi ^aHupirisita hwaAroni, nokuti hwakaiswa pana ^bAroni nembeu yake, kuzvizvarwa zvavo zvole.

14 Hunonzi hupirisita hudiki nenzira yekuti ^achibatandzwa chehukuru, kana kuti pahupirisita hwaMerkizedeki, uye

hune simba rekushandira zvisungo zvekunze.

15 Vari muhutungamiri ^ahwehubbishopi ndivovatungamiri vehupirisita uhu, uye vane kiyi kana simba kamvumo.

16 Hakuna munhu anekodzero pamurau yekutora chinzvimbo ichi, kuti ave nekiyi dzehupirisita uhu, kunze kwekunge ari wechizvarwa ^achaicho chaAroni.

17 Asi semupirisita wepamusoro weHupirisita hwaMerkizedeki, ane mvumo yekushanda muzvigaro zvole zvidiki, anogona kushanda muchinzvimbo chabhishopi kana pasina wechizvarwa chaAroni, ndokunge achinge akadaidzwa akatsaurwa uye ^aakagadzwa kusimba irori nemaoko ^beHutungamiri hweHupirisita hwaMerkizedeki.

18 Simba nemvumo yehuripamusoro, kana kuti Hupirisita hwaMerkizedeki, kubata ^akiyi dzose dzemumaropafadzo emweya eचेचि—

19 Kuve nemukana wekugashira ^azvakanzika zveumambo hwekudenga, kuti vave vanozarurirwa matenga, kuve vanotaura negungano ^breruzhinji neचेचि yeDangwe, uye nokuwana kutaurwa navo nokuvepo kwaMwari Baba, naJesu ^cmunyai vechibvumirano chitsva.

9a D&Z 81:2; 107:22, 65–67, 91–92.

10a NKM Mupirisita wePamusoro.
b D&Z 121:34–37.

13a NKM Hupirisita hwaAroni.

b NKM Aroni, Mukoma

waMosesi.

14a D&Z 20:52; 107:5.

15a NKM Bhishopi.

16a D&Z 68:14–21; 107:68–76.

17a NKM Gadza.

b D&Z 68:15.

18a NKM Kiyi

dzeHupirisita.

19a Aruma 12:9–11; D&Z 63:23; 84:19–22.

NKM Zvakavandika zvaMwari.

b VaH. 12:22–24.

c NKM Murevereri.

20 Simba nemvumo yehudiki, kana kuti hupirisita hwaAroni, kubata “kiyi dzehushumiri hwen-girozi, uye nokushanda ^bmu-zvisungo zvekunze, matsamba evhangeri, ^ckubhabhatidza kwekutendeuka kuitira “kuregererwa kwezvivi, zvinowirirana nezvibvumirano nemirairo.

21 Zvinodikanwa kuve nevatumgamiri, kana vari muzvigarozvekutungamira vanobva, kana vanodomwa kubva mukati meavo vakagadzwa muzvinzvimbo zvakasiyana-siyana muhupirisita huviri uhu.

22 Kuhupirisita “hwaMerkizedeki, vatatu vari ^bKutungamira vehupirisita hwepamusoro, vanosarudzwa nedare, vodomwa nokugadzwa muchinzvimbo ichocho, uye ^cvachitsigirwa noruvimbo, norutendo, nomunamato wechechi, vanoita chikwata cheHutungamiri hweChechi.

23 Makurukota “anegumi nevaviri avo vanofamba vanodaidzwa kuti vave ^bVaapositori vaneGumi neVaviri, kana kuti vapupuri vakakosha vezita raKristu pasi pose, mukudaro vakasiyana nevamwe vanoshanda muchechi mumabasa eku-daidzwa kwavo.

24 Uye ivo vanoita chikwata, chinesimba nemvumo zvakan-gofanana nezvevatungamiri vatatu vaye vambotaurwa.

25 “Vemakumi Manomwe va-

nodaidzwa kuti vazoparidza vhangeri, nokuvevo vapupuri vakakosha kumaJentairi neku-pasi rose— mukudaro vakasiyana nevamwe vanoshanda muchechi mumabasa eku-daidzwa kwavo.

26 Uye vanoita chikwata chakaenzana masimba nevane-Gumi neVaviri vapupuri vakakosha kana Vaapositori varikubva mukutaurwa.

27 Uye chose chinofungwa nokuitwa nerimwe rezvikwata izvi zvinofanira kuitwa nokubvumirana kwezwi ravo; kureva kuti yose nhengo yechikwata chega-chega inofanira kutenderana nezvafungwa, kuitira kuti zvavanenge vafunga zvive nesimba kana huremu hwakaenzana pakati pavo—

28 Kana vakawanda vanogona kuita chikwata kana zvinhu zvisingatendere kuti zviitwe neimwe nzira—

29 Kunze kwekunge izvi zviri izvo zvazviri, zvavanofunga hazvina maropafadzo mamwechetewo seayo epfungwa dzechikwata chevatumgamiri vatatu vekare, avo vakanga vakagadzwa maererano nekuita kwaMerkizedeki, uye vari vakanga vari varume vakarurama uye vari vatsvene.

30 Zvinofungwa nezvikwata izvi, kana rimwechete rawo, zvinofanira kuitwa “mukurura-

20a D&Z 13:1; 84:26–27.

b NKM Zvisungo.

c NKM Bhabhatidza.

d NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

22a NKM Hupirisita

hwaMerkizedeki.

b D&Z 90:3, 6; 107:9, 65–67, 78–84, 91–92.

c NKM Kutsigira

Vatumgamiri

veChechi.

23a D&Z 107:33–35.

b NKM Muapositori.

25a NKM Makumi Manomwe.

30a D&Z 121:36.

NKM Akarurama.

ma kwose, muhutsvene, neku-rereka kwemwoyo, muhunyoro nekushinga, nomurutendo, ^bnehunhu, nemuruzivo, kuzvibata, mwoyo murefu, humwari, rudo rwevanhu vamwechete nerudo rwakadzama;

31 Nokuti chivimbiso ndechichi, kana zvinhu izvi zvakawanda mavari havazove “vasina michero muruzivo rwaIshe.

32 Uye kana kuri kuti pane zvafungwa nezvikwata izvi mukusarurama, zvinogona kunzwa pamberi pegungano reruzhinji rezvikwata zvakati wandei, iro rinove nevatungamiri vechechi munezvemweya; nokuti hakuna chinozokwidzwa kumwe zvakare mushure mezvavanenge vatonga.

33 VaneGumi neVaviri iDare reVatungamiri Vanofamba vari Dare rePamusoro rinotungamira, vanoshanda muzita raIshe vachitungamirirwa neHutungamiri hweChechi, zviri zvinowirirana nezvekudenga; kuvaka chechi nokufambisa nyaya dzacho dzose mumarudzi ose, kutanga “kumaJentairi nokuzoenda kuvaJuda.

34 VeMakumi Manomwe vanoshanda muzita raIshe vari pasi “pevaneGumi neVaviri kana kuti vedare repamusoro rinofamba, mukuvaka chechi nomukufambisa nyaya dzaro mumarudzi ose, kutanga nekumaJentairi vozoenda kumaJuda—

35 VaneGumi neVaviri vachitumwa kunze vakabata kiyi, kuti vazarure musiwu nokuparidza vhangeri raJesu Kristu, uye kutanga kumaJentairi uye vachizoenda kumaJuda.

36 Matare “makuru aripo muhoko dzeZioni, anoumba chikwata chakaenzana mumasimba munyaya dzechechi, mukufunga kwavo kwose, nechikwata chevatungamiri kana dare guru revanofamba.

37 Dare repamusoro muZioni rinoita chikwata chakangoyenzana musimba, munyaya dzechechi, mune zvavanoita zvose, kumatare evaneGumi neVaviri ari pahoko dzeZioni.

38 Ibaso redare repamusoro rinofamba kukumbira Vane “Makumi Manomwe, kana vachinge vachida ruyamuro, kuzadza zvigaro zvakatiwandei, zvekuparidza nokufambisa vhangeri, pane kukumbira vamwe vasiri ivava.

39 Ibaso revaneGumi neVaviri, mumapazi makuru ose echechi, kuti vagadze vapirisita “vevhangeri, sekupihwa kwavanenge vachiitwa kwavari nezvakazarurwa—

40 Chirongwa chehupirisita uhu chakasimbiswa kuti chinobva pana baba chichienda pamwana, uye muchokwadi ndecheavo vechizvarwa chaicho chembeu yakasarudzwa, vanove ndivo vakaitirwa zvivimbiso.

30b D&Z 121:41.
NKM Hunhu
Wakanaka.
31a II Pet. 1:5–8.
33a I Ni. 13:42;

3 Ni. 16:4–13;
D&Z 90:8–9.
34a D&Z 112:21.
36a NKM Dare
rePamusoro.

38a NKM Makumi
Manomwe.
39a NKM Muvhangeri;
Patriiyaki.

41 Hurongwa uhwu hwakavambwa mumazuva ^aAdama, uye ndokubva hwadzika ^bne-mutsetse nenzira inotevera iyi:

42 Kubva kuna Adama kusvika kuna ^aSeti, uyo akagadzwa naAdama ave nemakore makumi matanhatu nemapfumbamwe ekuberekwa, uye akaropafadzwa naye makore matatu (Adama) asati afa, uye akagashira chivimbiso chaMwari kuburikidza nababa vake, kuti vana vake vaizove vakasarudzwa vaIshe, uye nokuti vachachengetedzwa kusvika kumagumo epasi;

43 Pamusana pekuti iye (Seti) akanga ari munhu ^aakarurama, uye akanga ^bakafanana nababa vake zvekunge baba vake chairo, zvekuti aiita sababa vake muzvinhu zvose, uye aizongosiyana pazera rake nababa vake chete.

44 Enosi akagadzwa ave nemakore zana nemakumi matatu nemana nemwedzi mina, neruoko rwaAdama.

45 Mwari vakadaidza Kainami murenje mugore rake rechimakumi mana ekuzvarwa; uye akasangana naAdama achienda kuShedoramaka. Akanga ava nemakumi masere nemanomwe ekuberekwa paakagashira kugadzwa kwake.

46 Maharareri akanga ava nemakore mazana mana nemakumi mapfumbamwe ane

matanhatu ane mazuva mana ekuberekwa paakagadzwa neruoko rwaAdama uyo akamuropafadzawo.

47 Jareti akanga ave nemazana maviri emakore ekuberekwa paakagadzwa neruoko rwaAdama uyo akamuropafadzawo.

48 ^aEnoki akanga aine makore makumi maviri nemashanu paakagadzwa pasi peruoko rwaAdama; uye akanga ava nemakore makumi matanhatu nemashanu paakaropafadzwa naAdama.

49 Uye akaona Ishe, uye akafamba navo, uye akanga ari pamberi pechiso chavo nguva dzose; uye ^aakafamaba naMwari kwemakore mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu, zvinoreva kuti akanga ave nemakore mazana mana nemakumi matatu ekuzvarwa panguva ^byaakatorwa kudenga.

50 ^aMetusara akanga ave nezana remakore ekuberekwa paakagadzwa pasi peruoko rwaAdama.

51 Rameki akanga ava nemakore makumi matatu nemaviri ekuberekwa paakagadzwa pasi peruoko rwaSeti.

52 ^aNoa akanga ave nemakore gumi ekuberekwa paakagadzwa neruoko rwaMetusara

53 Makore matatu Adama asati afa, akadaidza Seti, Enosi, Kainami, Maharareri, Jareti, Enoki, naMetusara, vakanga

41a NKM Adama.

^b Gen. 5; D&Z 84:6–16; Mos. 6:10–25.

42a NKM Seti.

43a NKM Kukwana.

^b Gen. 5:3.

48a NKM Enoki.

49a Gen. 5:22; VaH. 11:5;

Mos. 7:69.

^b NKM Vanhu

Vakapindurwa.

50a NKM Metusara.

52a NKM Noa, Tateguru vemuBhaibheri.

vose vari vapirisita “vepamusoro, neavo vevana vake vakanga vasara vakanga vari vakarurama kunhika ^byeAdama-ondi-Amani, uye ikoko akavapa maropafadzo ake ekupedzisira.

54 Ishe vakazviratidza kwa-vari, uye vakasimuka vakaropafadza “Adama, uye vakamudaidza kuti ^bMikaeri, jinda nengirozi huru.

55 Uye Ishe vakanyaradza Adama, uye vakati kwaari: Ndakuisa kuti uve kumusoro; marudzi mazhinji achauya achibva pauri, uye iwe uchave “mutongi wavo nariini.

56 Uye Adama akamira pakati pegungano; uye zvisinei neku-ti akanga akwegura, azere ne-Mweya mutsvene, akataura “zvakanga zvichizoitika kumhuri yake kusvika kuchizvarwa chekupedzisira.

57 Zvinhu izvi zvakanyorwa zvose mubhuku raEnoki, uye zvichapururwa nezvazvo nenguva yakafanira.

58 Ibasa “revaneGumi neVaviri zvakare, ^bkugadza nekuronga vose vamwe vashandi vechechi, zvinobvumirana nezvakazarurwa zvinoti;

59 Kuchechi yaKristu iri munyika yeZioni, pamusoro “pemitemo yechechi maererano nebasa rechechi—

60 Zvirokwazvo, ndinoti kwa-

muri, vanodaro Ishe vehondo, kunofanira kuve nemagosa “anotungamira avo vari muzvigarozvehugosa;

61 Uyewo “nevapirisita vanotungamira avo vari muzvinzvimbo zvehupirisita;

62 Uyewo nevadzidzisi kuti “vatungamire avo vari muzvigarozvevadzidzisi, uye zvimwechetezvo, nekumadhikoniwo—

63 Nokudaro, kubva kumadhikoni kuenda kumudzidzisi, uye kubva kumudzidzisi kuenda kumupirisita, uye kubva kumupirisita kuenda kuna gosa, vakasiyana-siyana sekudomwa kwavo, maererano nezvibvumirano nemirairo yechechi.

64 Zvino kouya Hupirisita hwePamusoro, hunove ndihwo hukurusa kupfuura zvose.

65 Nokudaro, zvinofanira kuti pave nemumwe anodomwa kubva kuHupirisita hwePamusoro kuti atungamire hupirisita, uye achadaidzwa kuti Mutungamiri weHupirisita hwePamusoro hweChechi;

66 Kana kuti, nemamwe mazwi, Mupirisita wePamusoro “Anotungamira Hupirisita hwePamusoro hweChechi.

67 Kubva kuna ivava kunouya kuitwa kwezvisungo nemaropafadzo kuchechi, kuburikidza “nokuisa maoko pamusoro.

68 Nokudaro, chigaro “chabhi-

53a NKM Mupirisita wePamusoro.
b D&Z 78:15; 116:1.
NKM Adama-ondi-Amani.

54a D&Z 128:21.
NKM Adama.

b NKM Mikaeri.

55a D&Z 78:16.

56a Mos. 5:10.

58a NKM Muapostori.

b NKM Gadza.

59a D&Z 43:2–9.

60a D&Z 107:89–90.

61a D&Z 107:87.

62a D&Z 107:85–86.

66a D&Z 107:9, 91–92.

NKM Mutungamiri.

67a NKM Maoko,

Kugadzwa kwe.

68a NKM Bhisopi.

shopi hachina kuenzana nacho; nokuti chigaro chabhishopi ndechekutarisa zvose zvenyika;

69 Zvakadaro bhishopi anofanira kudomwa kubva “muHupirisita hwePamusoro, kunze kwekunge ari wechizvarwa ^bchaicho chaAroni.

70 Nokuti kunze kwekunge ari wechizvarwa chaicho chaAroni haakwanise kubata kiyi dzehupirisita uhu.

71 Zvakadaro, mupirisita wepamusoro zvinoreva kuti muhurongwa hwaMerkizedeki, anogona kunzi agadzwe kuti aite basa rezvinhu zvenyika, aine ruzivo nazvo kuburikidza neMweya wechokwadi.

72 Uye nokuvevo “mutongi muIsraeri, kuita basa rechechi, kugara achitonga vanenge vatadza maererano neuchapupu hunenge hwaiswa pamberi pake maererano nemitemo, neruyamuro rwevanobatsirana naye, avo vaakasaruza kana vaachasarudza pakati pemagosa echechi.

73 Iri ndiro basa rabhishopi asiri wechizvarwa chaAroni chaicho, asi akagadzwa muHupirisita hwePamusoro hwechikwata chaMerkizedeki.

74 Saka achave mutongi, kunyangwe mutongi wezvose pakati pevagari veZioni, kana muhoko yeZioni, kana mune ripi zvaro bazi rechechi paanenge apihwa basa iri, kusvika miganhu yeZioni yakudzwa, uye zvazofanira kuti kuve nema-

mwe mabhishopi kana vatongi muZioni kana kumwewo.

75 Uye mamwe mabhishopi ose achadomwa naiwo achashanda ari muchigaro chimwechetecho.

76 Asi wechizvarwa chaAroni chaicho anobvumirwa nemurawu kuti ave mutungamiri hwehupirisita uhu, “kukiyi dzebasa iri, kushanda muchigaro chehubhishopi akazvimirira, asina vanomuyamura, kunze kwekunge Mutungamiri weHupirisita hwePamusoro, Hupirisita hwaMerkizedeki achitongwa, agere semutongi muIsraeri.

77 Uye zvinoitwa nerimwe rematare aya, zviri maererano nemurairo unoti:

78 Zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, basa guru rakakoshesesa rechechi, nenyaya dzakanyanya “kuoma dzechechi, kana pari pashaya kugutswa nekutonga kwabhishopi kana vatongi, ichatakurwa yoendeswa kudare rechechi, pamberi ^bpeHutungamiri hweHupirisita hwePamusoro.

79 Uye Hutungamiri hwedare reHupirisita hwePamusoro huchave nesimba rekudaidza vamwe vapirisita vepamusoro, kunyangwe gumi nevaviri, kuti vayamure semakurukota, nokudaro Hutungamiri hweHupirisita hwePamusoro nemakurukota ahwo huchave nesimba rekuita maererano neuchapupu sezvinopindirana nemirawu yechechi.

69a NKM Hupirisita
hwaMerkizedeki.
b D&Z 68:14–24; 84:18;

107:13–17.
72a D&Z 58:17–18.
76a NKM Kiyi

dzeHupirisita.
78a D&Z 102:13, 28.
b D&Z 68:22.

80 Mushure mekuita uku havzizoyeukwa zvakare pamberi paIshe; nokuti iri ndirodare guru repamusoro-soro rechechi yaMwari, iri iyo yekupedzisira mukupesana kwose munyaya dzemweya.

81 Hakuna kana ani zvake munhu wechechi anonzi haamire pamberi pedare rechechi iyi.

82 Uye kana Mutungamiri hwehupirisita hwePamusoro akatadza, achamiswa pamberi pedare revazhinji rechechi, iyo ichayamurwa nemakurukota gumi nevaviri veHupirisita hwePamusoro;

83 Uye zvavanenge vatonga pamusoro pake ndizvo zvinopedza nharo dzose dziri maererano naye.

84 Saka hakuna achasiwa “mukuenzanisa uye nemumitemo yaMwari, kuti zvose zvinhu zviitwe nehurongwa nechiremerera chinoyera pamberi pavo, zviri maererano nechokwadi nekukurama.

85 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, basa remutungamiri pamusoro pachigaro “chemudhikoni, kutungamira madhikoni anokwana gumi nevaviri, kugara navo achivairaira, ^bnekuvadzidzisa basaravo, vachisimbisana, sekupihwa kwazvakaitwa maererano nezvibvumirano.

86 Uyewo basa remutungami-

ri ari pamusoro pechinzvimbo “chevadzidzisi, kuti anofanira kutungamira vadzidzisi makumi maviri nevana nokugara navo pasi, achivadzidzisa mabasa ezvigaro zvavo, sekupihwa kwaakaitwa muchibvumirano.

87 Uye basa remutungamiri wehupirisita hwaAroni kutungamira “vapirisita vanosvika kumakumi mana nevasere, uye achagara achirairana navo, kuvadzidzisa mabasa ezvigaro zvavo, sekupihwa kwazvakaitwa muzvibvumirano—

88 Uyu mutungamiri anofanira kuve “bhisopu; nokuti ndiro rimwe basa rehupirisita huno.

89 Zvakare, basa remutungamiri wepamusoro “pemagosa, kutungamira makumi mapfumbamwe namatanhatu emagosa, nokugara pasi navo vachirairana, nokuvadzidzisa maererano nezvibvumirano.

90 Uhu hutungamiri hwakasiyana chaizvo neuhwo hwevane makumi manomwe, uye hwakarongerwa avo “vasingafambe vachienda munyika yose.

91 Uye zvakare, basa reMutungamiri wechinzvimbo cheHupirisita hwePamusoro, “kutungamira chechi yose nokuita ^bsaMosesi—

92 Tarisai, houno ungaru; hungu, kuve “muoni, ^bmuzaruri, mududziri, ^cnomuporofita, ^daivenezvipo zvose zvinobva

84a NKM Yenzaniso.

85a NKM Mudhikoni.

^b D&Z 38:23;
88:77–79, 118.

86a D&Z 20:53–60.

NKM Mudzidzisi,
Hupirisita hwaAroni.

87a NKM Mupirisita,
Hupirisita hwaAroni.

88a NKM Bhisopu.

89a NKM Gosa.

90a D&Z 124:137.

91a D&Z 107:9, 65–67.

^b D&Z 28:2; 103:16–21.

92a Mosaya 8:13–18.

NKM Muoni.

^b NKM Zvakazarurwa.

^c D&Z 21:1.

NKM Muporofita.

^d NKM Zvipo
zveMweya.

kunaMwari izvo zvavanopa kumutungamiri wechechi.

93 Uye zviri maererano nechiratidzo chakaonesa marongerwo evane “Makumi Manomwe, kuti vave nevatungamiri vanomwe vanovatungamira, vanosarudzwa kubva mune vane makumi manomwe;

94 Uye mutungamiri wechinomwe wevatungamiri ava anofanira kutungamira ava vatanhatu.

95 Uye vatungamiri vanomwe ava vanofanira kusarudza vamwe vane makumi manomwe, pamusoro pavane makumi manomwe vekutanga kunove ndiko kwavari ivo, uye vanofanira kuvatungamira;

96 Uyewo nevamwe vane makumi manomwe, kusvika kumakumi manomwe akapetwa kanomwe, kana basa riri mumunda wemizambiringa richida kuti zvidaro.

97 Uye vane makumi manomwe ava ndivo vachave vapirisita “vanofamba, kutanga kumaJentairi uyewo nekuvaJuda.

98 Zvakadaro vamwe vane zvigaro muchechi vasiri vevaneGumi neVaviri, kana kuvane Makumi manomwe, vasina basa rekufamba pakati pemarudzi ose, asi vachizofamba sezvinotendera zvinhu zvavo, zvisinei vanogona kubata zvigaro zvepamusoro zvakadaro nemabasa makuru muchechi.

99 Nokudaro, zvino regai munhu wose adzidze “basa rake uye nokushanda muchigaro chaakasarudzirwa, ^bnokushingaira kwose.

100 Uyo “anenungo haazoverengwa ^bseakakodzera kumira, uye uyo asinga dzidzire basa rake achizviratidza kuti haana kugashirwa haazoverengwa seakakodzera kumira. Kana saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 108

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Kirtland, Ohio, 26 Zvita (History of the Church, 2:345). Chikamu ichi chakagashirwa chakumbirwa naLyman Sherman, uyo akange akagadzwa semupirisita wepamusoro uye semumwe wevane makumi manomwe, uye uyo akanga auya kuMuporofita nechichemo chekuzarurirwa kuti aziviswe basa rake.

1–3, Lyman Sherman anoregererwa zvitadzo zvake; 4–5, Anoverengerwa pamagosa anotungamira eChechi; 6–8, Anodaidzwa kuti aparidze vhangeri uye nokusimbisa vamwe vake.

ZVIROKWAZVO vanodaro ZIshe kwauri, muranda wangu Lyman: Zvitadzo zvako wazviregererwa, nokuti wateerera izwi rangu mukuuya kwako kuno mangwanani ano

93a D&Z 107:38.
NKM Makumi
Manomwe.

97a D&Z 124:138–139.
99a NKM Basa.
^b NKM Hushingi.

100a D&Z 58:26–29.
NKM Anenungo.
^b NKM Anechiremera.

kuti uzogashira kurairwa neuyo wandakasarudza.

2 Nokudaro, mweya wako “ngauzorore pamusoro pepauchamira munezvemweya, uye usarwise zvakare izwi rangu.

3 Uye simuka uchenjere kubvira zvino mukucherechedza zvitsidzo zvako, izvo zvawakaita nezvauri kuita, uye uchazoropafadzwa nemaropafadzo mazhinji makuru.

4 Mira nemwoyo murefu ngano “rinoera radaidzirwa nevaranda vangu, zvino ucharangarirwa pamwechete nekutanga magosa angu, uye ugegashira mvumo nekuga-

dzwa nevamwe vose vemagosa angu avo vandakasarudza.

5 Tarisai, ichi “chivimbiso chaBaba kwauri kana ukaramba uchitendeka.

6 Uye chichazadzikiswa pauri muzuva iroro rauchave nemvumo “yekuparidza vhangeri rangu uko kwose kwandichakutumama kubvira panguva iyoyo.

7 Naizvozvo, “simbisa hama dzako mukukurukura kwako kwose, muminamoto yako yose, mukukurudzira kwako kwose, nomukuita kwako kwose.

8 Uye tarisai uye uone, ndinewe kuti ndikuropafadze “nokukununura zvachose. Amen.

CHIKAMU 109

Munamoto wakaitwa pakupirwa kwetemberi yeKirtland, Ohio, musi wa27 Kurume 1836 (History of the Church, 2:420–426). Maererano nezvakanyorwa neMuporofita, munamoto uyu wakapihwa kwaari mune zvakazarurwa.

1–5, Temberi yeKirtland yakavakwa senzvimbo yaizoshanyirwa neMwanakomana weMunhu; 6–21, Ichave imba yemunamoto, kutsanya, rutendo, kudzidza, kubwinya, uye yakarongwa, nempa yaMwari; 22–33, Avo vasingade kutendeuka uye vachishora vanhu vaIshe ngavadviziswe; 34–42, Vatendi ngavaende nesimba kunounganidza vakarurama kuZioni; 43–53, Vatendi ngavabviswe muzvinhu zvakaipa zvichidzirwa kune vakaipa mumazuva ekupedzisira; 54–58, Marudzi nevanhu machechi

vagadzirire vhangeri; 59–67, MaJuda, maRamani, uye neIsraeri yose, vanunurwe; 68–80, Vatendi ngavapfekedzwe ngundu yokubwinya nerukudzo uye vagowana ruponeso rwokusingaperi.

KUTENDA ngakuve kuzita Krenyu, Ishe Mwari waIsraeri, munochengeta ^bchibvumirano uye muchiratidza tsitsi kuvaranda venyu avo vanofamba vakatwasanuka pamberi penyu, nemwoyo yavo yose—

2 Imi makaudza varanda

108 2a NKM Zororo.
4a D&Z 109:6–10.
5a D&Z 82:10.
6a NKM Basa

reKushumira.
7a Ruka 22:31–32.
8a 2 Ni. 9:19.
109 1a Aruma 37:37;

D&Z 46:32.
NKM Kupakutendo.
^bDan. 9:4.
NKM Chibvumirano.

venyu kuti “vavake imba muzita renyu munzvimbo ino (Kirtland).

3 Uye zvino murikuona Ishe, kuti varanda venyu vaita maererano nekutaura kwenyu.

4 Uye zvino tinokukumbirai, Baba Vatsvene, muzita raJesusu Kristu, Mwanakomana wepa-Chipfuva chenyu, muzita rake munovaimo chete munogona kupihwa ruponeso kuvana vevanhu, tinokukumbirai, Ishe kuti mutambire “imba ino, ^b basa remaoko edu, isu varanda venyu, iyo yamakatiraira kuti tivake.

5 Nokuti imi munoziva kuti takaita basa iri mukati mekutambudzika kukuru; uye muhurombo hwedu tapa zvatiinazvo kuti tikuvakirei “imba muzita renyu, kuti Mwanakomana weMunhu angawane nzvimbo yekuzviratidza kuvanhu vake.

6 Uye sekutaura kwamakaita mune “chakazarurwa chakapihwa kwatiri, muchitidaidza kuti shamwari dzenyu, muchiti—Daidzai gungano renyu dzvene sezvandakakurairai;

7 Uye sezvo vasiri vose vane rutendo, tsvagai nokushingaira uye mudzidzisane mazwi eungwaru; hongu, tsvagai mumabhuku akanaka mazwi eungwaru, tsvakai kudzidza kunyangwe nokudzidza zvakadzama uyewo nerutendo;

8 Zvirongi pachenyu; gadzirirai chose chinhu chinodiwa, uye momisa imba, kunyangwe

imba yemunamato, imba yekutsanya, imba yerutendo, imba yekudzidza, imba yekubwinya, imba yakarongeka, imba yaMwari;

9 Kuti kupinda kwenyu kuve muzita raIshe, kuti kubuda kwenyu kuve muzita raIshe, kuti kukwazisana kwenyu kwose kuve muzita raIshe, nemaoko akasimudzirwa kune vari Kumusoro-soro—

10 Uye zvino, Baba Mutsvene, tinokumbira kuti mutiyamure, vanhu venyu, nenyasha dzenyu, mukudaidza gungano redu dzvene, kuti zviitwe mukukudzwa kwenyu nekugamuchirwa kwenyu kutsvene;

11 Uye mutowo inoita kuti tiwanikwe tiri vanokodzera mumaziso enyu, kuti tiwane kuzadzikiswa “kwezvisimbiso zvakaita kwatiri vanhu venyu, mune zvakazarurwa zvakapihwa kwatiri;

12 Kuti “kubwinya kwenyu kudzike pavanhu venyu, uye nepano paimba yenyu, iyo yatave zvino kukumikidza kwamuri kuti icheneswe nekuti iitwe tsvene uye kuti hutsvene hwenyu hrambe huri mumba ino;

13 Uye kuti vanhu vose vachapinda nepasuwo remba yaIshe vagonzwa simba renyu, uye vagonzwa vachidikanwa kuti vabvume kuti makaichenesa, uye kuti imba yenyu, inzvimbo yehutsvene hwenyu.

14 Uye chibvumirai Baba

2a D&Z 88:119.

4a I Madz. 9:3.

NKM Temberi, Imba yaIshe.

b 2 Ni. 5:16.

5a D&Z 124:27-28.

6a D&Z 88:117-120.

11a D&Z 38:32;

105:11-12, 18, 33.

12a NKM Kubwinya.

Vatsvene, kuti vose avo vachanamata mumba muno vagodzidziswa mazwi eungwaru anobva mumabhuku akanaka, uye kuti vagotsvaka kudzidza kunyangwe nokuverenga, uyewo nerutendo, sekutaura kwamakaita;

15 Uye kuti vagokura varimamuri, uye vagogashira kuzara kweMweya Mutsvene, uye vagoronga maererano nemitemo yenyu, uye vagogadzirira kwana chose chinhu chinodiwa;

16 Uye kuti imba ino ive imba yemunamato, imba yokutsanya, imba yerutendo, imba yokubwinya uye neyaMwari, kunyangwe imba yenyu;

17 Kuti kupinda kwose kwevanhu venyu mumba ino, kuve muzita raIshe;

18 Kuti kubuda kwavo kwose mumba muno kuve muzita raIshe;

19 Uye kuti kwose kukwazisana kwavo kuve muzita raIshe, nemaoko matsvene, akasimudzirwa kune vePamusoro-soro;

20 Uye hakuna chinhu "chisina kuchena chichabvumirwa kuya mumba menyu kuzoisvibisa;

21 Uye kana vanhu vatadza, ani zvake wavo, vanogona kute ndeuka nokukurumbidza uye vachibva vadzokera kwamuri, uye vagowana kudiwa mumaziso enyu, uye vagodzorerwa kumaropafadzo ayo amakagadza kuti agodirwa pane avo "vachakudzai mumba menyu.

22 Uye tinokukumbirai Baba,

Vatsvene, kuti varanda venyu vabve mumba muno vave nesimba renyu uye kuti zita renyu rive pavari, uye "ngirozi dzenyu dzivatarise;

23 Uye kubva pane ino nzvimbo ngavatakure mazwi makuru kwazvo akanaka, muchokwadi, kusvika "kumagumo kwenyika, kuti vagoziva kuti iri ibasa renyu, kuti imi makaisa ruoko rwenyu, kuzadzisa izvo zvamakataura nemiromo yevaporofita, pamusoro pamazuva ekupedzisira.

24 Tinokukumbirai Baba Vatsvene, kuti mumise vanhu avo vachanamata, nekubata neruremekedzo zita renyu uye vachimira muimba yenyu iyi, kuzvizarwa zvose nokokusingapere;

25 Kuti hakuna chombo "chinoitirwa kuvarwisa chichabudirira; kuti uyo achavacherera ^bgomba, iye ndiye achawira mariri;

26 Kuti hakuna chirango chezvakaipa chichawana simba rekumukira "chikakurira vanhu venyu avo vachaiswa ^bzita renyu pavari mumba muno;

27 Uye kana vanhu vapi zva vo vakamukira vanhu ava, kuti hasha dzenyu dzitungidzwe kurwisana navo;

28 Uye kana vakarova vanhu ava imi muchararova; imi mucharwira vanhu venyu sezvamakaita muzuva rehondo, kuti vabviswe mumaoko evavengi vose vavo.

29 Tinokukumbirai Baba Vatsvene, kanganisai, nokushami-

20a D&Z 94:8-9; 97:15-17.

21a NKM Ruremekedzo.

22a NKM Ngirozi.

23a D&Z 1:2.

25a Isa. 54:17.

b Zir. 26:27;

1 Ni. 14:3; 22:14.

26a D&Z 98:22.

b I Madz. 8:29.

sa, uye muunze pakunyadzisa uye nokusaziva, vose avo vakaparadzira zvekunyepa kure, munyika, pamusoro pemuranda wenyu kana varanda wenyu, kana vasingatendeuke apo vhangeri risingaperi richaitaurwa munzeve dzavo;

30 Uye kuti mabasa avo ose ashaye basa, uye ayeredzwe “nechivhuramahwe, uye nezvirango zvamunenge matumira kwavari mukushatirwa kwenyu, kuti kuve nekuguma ^bkwekunyepa nekutaura zvakaipa pamusoro pavanhu wenyu.

31 Nokuti imi munoziva Ishe, kuti varanda wenyu vanga vasina mhosva pamberi penyu mukupupura zvezita renyu, ririuro raita kuti vatambudzike muzvinhu izvi.

32 Nokudaro, tinokumbira pamberi penyu kuti mutibvise zvizere uye zvachose pasi “pejoki iri;

33 Rityorei Ishe, rityorei ribve mumitsipa yevaranda wenyu nesimba renyu, kuti tigosimuka pakati pechizvarwa chino uye tichiita basa renyu.

34 Jehova ivai netsitsi pamusoro pevanhu ava, uye sezvo vanhu vose “vachitadza regere-rai kutadza kwevanhu wenyu, uye muite kuti zvibvazvadzi-mwa zvachose.

35 Itai kuti “kuzodzwa kweva-fundisi wenyu chive chisungo

pavari nesimba rinobva kumusoro.

36 Ngazvizadziswe pavari, sezvakaatika pane avo musi wePentekosta; chipo “chendimi ngachidirwe muvanhu wenyu, kunyange rurimi rwune ^bmhaswa kunge moto urikubvira, nokududzira kwacho.

37 Uye imba wenyu ngaizadzwe seyazadzwa nemhepo, kuri “kubwinya kwenyu.

38 Isai pavaranda wenyu “uchapupu hwechibvumirano, kuti kana voenda kunze kunoshambadza izwi renyu ^bvasimbise mutemo, uye mugadzirire mwoyo yevatendi wenyu zviringo zvose izvo zvamavekuda kutumira mukushatirwa kwenyu, kuvagari “vemunyika pamusana pekutadza kwavo, kuti vanhu wenyu vasakundwe muzuva redambudziko.

39 Uye guta ripi zvaro richapindwa nevaranda wenyu, uye vanhu veguta iroro vagogashira uchapupu hwavo, itai kuti runyararo rwenyu neruponeso rwenyu rwuve muguta iroro; kuti vagounganidza kubva muguta iroro vakarurama, kuti vagouya “kuZioni kana kuho-ko dzayo, nzvimbo dzamakadoma imi, nenziyo dzerufaro rwusingapere;

40 Uye kusvika izvi zvaitwa, musaite kuti kuranga kwenyu kuwire guta iroro.

30a Isa. 28:17;
Mosaya 12:6;
D&Z 29:16.
b 3 Ni. 21:19–21.
32a NKM Joki.
34a VaR. 3:23; 5:12.

NKM Chitadzo.
35a NKM Zodza.
36a NKM Ndimi,
Chipo che.
b Mabasa 2:1–3.
37a D&Z 84:5; 109:12.

NKM Kubwinya.
38a NKM Uchapupu.
b Isa. 8:16; D&Z 1:8.
c NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano.
39a Isa. 35:10.

41 Uye guta ripi zvaro richa-pindwa nevaranda venyu, uye vanhu veguta iroro vagosagashira uchapupu hwevaranda venyu, uye varanda venyu vayambire kuti vazviponese kubva kuchizvarwa chino chakaipa, regai zviitike kuguta iroro maererano nezvakataurwa nemiromo yemaporofita enyu.

42 Asi nunurai imi Jehova, tinokukumbirai nemwoyo yose, varanda venyu kubva mumako avo, uye movachenesa kubva muropa ravo.

43 Ishe, hatifare nokupardzwa kwevamwe vedu; “mweya yavo inokosha pamberi penyu;

44 Asi izwi renyu rinofanira kuzadzikiswa. Yamurai varanda venyu kuti vataure, vachiyamurwa “nenyasha dzenyu; Kuda kwenyu ngakuitike Ishe, kwete kwedu.

45 Tinoziva kuti makataura nemiromo yevaporofita enyu zvinhu zvinotyisa pamusoro pevakaipa mumazuva “ekupedzisira—kuti muchadira zvirango zvenyu zvisina mwero;

46 Naizvozvo Ishe, bvisai vanhu venyu mudambudziko revakaipa; itai varanda venyu vagone kusimbisa mutemo, uye nokusunga uchapupu, kuti vagove vakagadzirira zuva rekutsva.

47 Tinokukumbirai Baba Vatsvene, kuti murangarire avo vakabviswa nevagari veruwa

rweJackson, Missouri, munyika dzenhaka yavo, uye mutyore Ishe, joki iri rekutambudzwa rakaiswa pavari.

48 Imi munoziva Ishe, kuti vakadzvinyirirwa zvikuru uye nokutambudzwa nevanhu vakaipa; uye mwoyo yedu “izere nokusuwa pamusana pekunetsa kwemitoro yavo.

49 Ishe, kusvika “riini muchibvumira vanhu kuti vatakure kutambudzika uku, uye nokuchema kwevasina mhosva avo kuti kusvike munzveve dzenyu, uye ^bropa ravo richiuya sekupura pamberi penyu, imi mukasaita chiratidzo cheuchapupu hwenyu pamusoro pavo?

50 Ivai “netsitsi Ishe, kune chikwata chakaipa, ichochakabvisa vanhu venyu, kuti chirege kuparadza, kuti chigotendeuka muzvivi zvacho, kana kutendeuka kuchikwanisa kuwanikwa;

51 Asi kana vasingade, isai ruoko rwenyu pachena Ishe, uye “mununure icho chamakadoma kuti chive Zioni kuvanhu venyu.

52 Uye kana zvisingagone kuitika nepamwe, kuti basa revanhu venyu risakundikane pamberi penyu hashu dzenyu ngadzitungidzwe, uye kushatirwa kwenyu ngakuvawire, kuti vayeredzwe, zvose mudzi nebazi zvibve pasi pedenga;

53 Asi kana vari vanotendeuka, imi mune nyasha netsitsi,

43a NKM Mweya (Mweya neMuviri).

44a NKM Nyasha.

45a NKM Mazuva

Ekupedzisira.

48a NKM Kunzwa Tsitsi.

49a Mpi. 13:1–2.

^b NKM Kuponderwa

Chitendero.

50a NKM Anetsitsi.

51a D&Z 100:13; 105:2.

uye munobvisa hashu dzenyu kana matarisa chiso cheMuzodzwa wenyu.

54 Ivai netsitsi Ishe, kumarudzi ose epasi, ivai netsitsi kuvatongi venyika yedu; mitemo iyo yakadzivirirwa zvakarurama, uye zvakatwasuka kudaro inova, “Bumbiro reMitemo renyika yedu, nemadzibaba edu, ivepo nariini.

55 Rangarirai madzimambo, machinda, vanoremekedzwa, uye navakuru vepasi, uye navanhu vose nechechi dzose, vose varombo, vanoshaya, navanotambudzika vepasi;

56 Kuti mwoyo yavo ipfave kana varanda venyu voenda kubva mumba menyu Jehova, kunopupura zita renyu; kuti kutonga kusina mwero kwavo kusiire mukana “kuchokwadi, uye kuti vanhu venyu vave vanowana kufarirwa mumaziso evose;

57 Kuti kumiganhu yose yepasi igoziva kuti isu, varanda venyu, “takanzwa izwi renyu, uye takatumwa nemi;

58 Kuti kubva pakati pevose ava varanda venyu, vanakomana vaJakobo, vangaunganidze vakarurama kuti vavake guta dzvene kuzita renyu, sekuvataurira kwamakaita.

59 Tinokukumbirai kuti mudomere Zioni dzimwe “hoko pamusoro peiyi yamakadoma, kuti ^bkuungana kwevanhu venyu kufambe nesimba guru nokukudzwa, kuti basa renyu riitwe ‘nokukurumbidza nemukururama.

60 Zvino mazwi aya Ishe, ataura pamberi penyu, pamusoro pezvakazarurwa uye nemirairo izvo zvamakaita, isu tinobatanidzirwa “kumaJentairi.

61 Asi imi munoziva kuti mune rudo rukuru kuvana vaJakobo, avo vakapararira mumakomo kwenguva refu, nezuva remakore nererima.

62 Nokudaro, tinokukumbirai kuti muve netsitsi pavana vaJakobo, kuti “Jerusarema, kubvira panguva ino itange kununurwa;

63 Uye joki rehusungwa ritange kutyoka kubva mumba “maDavidi;

64 Uye vana “vaJuda vatange kudzokera ^bkunyika dzamakapa kuna Abrahamu, baba wavo.

65 Uye muite kuti “vakasara vaJakobo, avo vakashurikidzwa uye vakarohwa pamusana pekutadza kwavo, ^bvadzorwe kubva mukugara kwavo kwehubhinya nekupenga, vapinde mukuzara kwevhangeri risingaperi;

54a I Pet. 2:13–15;
D&Z 98:5–7; 101:77, 80.
NKM Bumbiro
remutemo.

56a NKM Chokwadi.

57a D&Z 20:16; 76:22–24.

59a Isa. 54:2.

^b NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.

^c Mat. 24:22.

60a 1 Ni. 13:1–32;
15:13–18.

62a 3 Ni. 20:29.

NKM Jerusarema.

63a NKM Davidi.

64a Zek. 12:6–9;

Mara. 3:4;
D&Z 133:13, 35.
NKM Juda.

^b Gen. 17:1–8.

NKM Nyika
yeChipikirwa.

65a 2 Ni. 30:3;

Aruma 46:23–24;

3 Ni. 20:15–21;

D&Z 19:27.

^b 2 Ni. 30:6;

3 Ni. 21:20–22.

NKM Kupinduka.

66 Kuti vagoisa pasi zvombo zvavo zvekudeura ropa, uye varege kupanduka kwavo.

67 Uye vose vakasara vakapararira “veIsraeri, avo vakatinhira kumagumo epasi, vauye paruzivo rwechokwadi, vatende muna Mesia, uye vagonunurwa mukudzvinyirirwa, uye vago fara pamberi penyu.

68 Ishe, rangarirai muranda wenyu Joseph Smith, Mwana, nekwose kutambudzwa kwa ke nekunetswa — “kubvumirana kwaakaita ^bnaJehova, uye akatsidza kwamuri, Samasimba Mwari vaJakobo — nemirairo yamakapa kwaari, uye nokuti ayedza nemwoyo wake wose kuita kuda kwenyu.

69 Ivai netsisi Ishe kumukadzi wake nevana kuti vagosimudzwa pamberi penyu uye vagochengetedzwa neruoko rwenyu rwekurera.

70 Ivai netsitsi kune avo vose “vepedyo navo, kuti kufungira kwavo kutyorwe kutsvairwe kunge kwatorwa nemvura; kuti vadzorwe uye vagonunurwa pamwechete neIsraeri, uye vagoziva kuti muri Mwari.

71 Rangarirai Ishe, vatungamiri, kunyangwe vose vatungamiri vechechi yenyu, kuti ruoko rwenyu rwerudyi rwuvasimudze, nemhuri dzavo dzose, uye neavo vepedyo navo, kuti mazita avo arambe

aripo uye ari mukuyeukwa kusingaperi chizvarwa nechizvarwa.

72 Rangarirai chechi yenyu yose Ishe, nemhuri dzavo dzose, uye neavo varipedyo navo, nevarwere vavo vose uye nevanotambudzika, pamwechete nevarombo vose nevakazvirereka vemunyika; kuti “umambo, uhu hwamakavaka musina kubata neruoko, huve gomo guru uye rinozadza pasi rose;

73 Kuti chechi yenyu inga uye ichibuda murenje rerima, uye rigopenya nekuchena “semwedzi rigojekesa sezuva, uye richityisa semaoto ane mireza.

74 Uye izoshongedzwa semwenga kuitira zuva ramuchazarura chidzitiro matenga, uye muchiita kuti makomo “ayerere pamberi penyu, uye ^bnhika dzichisimudzwa, nzvimbo dzine man’ a dzichikwenzverwa; kuti kubwinya kwenyu kuzadze pasi;

75 Kuti kana hwamanda yoridzirwa vakafa, “tichabatwa mugore kuti tisangane nemi, kuti tizogara nariini tiina Ishe;

76 Kuti nhumbi dzedu dzive dzakachena, kuti tigopfedzwa “nguwo dzehururami nemichindwi mumaoko edu, uye ^bnekorona dzekubwinya pamisoro yedu, uye tigokohwa

67a NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.

68a NKM Chibvumirano.
^b NKM Jehova.

70a NEMAMWE MAZWI
hama dzepedyo.

72a Dan. 2:44-45;
D&Z 65:2.

73a Rwiyo. 6:10;
D&Z 5:14; 105:31.

74a D&Z 133:21-22, 40.
^b Isa. 40:4; Ruka 3:5;
D&Z 49:23.

75a I VaT. 4:17.

76a Zvaka. 7:13-15;
2 Ni. 9:14.

^b NKM Ngundu;
Rusimudzirwo.

‘rufaro rwokusingaperi ^dmutambudzika kwedu kwose.

77 Ishe Mwari Samasimba, tinzwei mukuchema kwedu, uye mutipindure kubva kudenga, nzvimbo yenyu yamunogara tsvene, kwamunogara pachigaro cheumambo, ^amuinokubwinya, kukudzwa, simba, kuremekedzwa, kushinga, kutonga, chokwadi, kuenzanisa, zvirango, tsitsi, uye nokuzara kusingapere, kubva kusingaperi kusvika kusingapere.

78 Inzwai, inzwai, inzwai Ishe! Uye mupindure zvichemo izvi, uye mutambire kukumikidzwa kwemba iyi kwamuri, basa

remaoko edu, iyo yatavakira zita renyu.

79 Uyewo nechechi ino, kuti tiise pairi zita renyu. Uye mutiyamure nesimba reMweya wenyu, kuti tiimbe mazwi edu achisangana ^aneemaserafu ayo anopenya akachena akatendere-dza chigaro cheumambo hwenyu, tichisheedzera kurumbidza tichiti Hosana kuna Mwari ^bneGwayana!

80 Uye regai vakazodzwa venyu, ^avapfekedzwe neruponeso uye vatendi venyu vadaidzire zvikuru nerufaro. AmenineAmeni.

CHIKAMU 110

Zviratidzo zvakaoneswa kuna Joseph Smith Muporofita, naOliver Cowdery mutemberi paKirtland, Ohio, 3 Kubvumbi 1836 (History of the Church, 2:435–436). Chiitiko chacho chaive zuva remuchechi weSabata. Muporofita anonyora zvakaitika achitanga nemazwi aya: Mumasikati, ndakayamura vamwe Vatungamiri nokupa kudya kwemanheru kwaIshe kuChechi, ndichikutambira kubva kune vaneGumi neVaviri, avo vakanga vakaropafadzwa kuti vatungamire vari pachigaro chinoyera pazuva iri. Ndapedza kuitira hama dzangu basa iri, ndakaenda panzvimbo pakakwirira, zvidzitiro zvakanga zviripo zvakanga zvadzikiswa, uye ndikakotama naOliver Cowdery mumunamato wakakosha, usinganzwike. Mushure mekunge ndasimuka kubva makunamata, chiratidzo chinotevera ichi chakazururirwa kwatiri tose (History of the Church, 2:435).

1–10, Ishe Jehova vanoonekwa vari mukubwinya uye vanogashira temberi yeKirtland semba yavo; 11–12, Mosesi naEria vose vanoonekwa uye ndokugamuchidza makiyi enguva dzavo; 13–16, Erija anodzoka obva apa kiyi dzemukuwo

wake sekuvimbiswa kwazvakaitwa naMaraki.

^aCHIDZITIRO chakatorwa kubva mupfungwa dzedu, uye ^bmaziso ekunzwisisa kwedu akabva azuruka.

76c NKM Rufaro.
d VaH. 12:1–11;
D&Z 58:4.

77a NKM Kubwinya.

79a Isa. 6:1–2.
b NKM Gwayana
raMwari.

80a Mpi. 132:16.

110 1a NKM Chidzitiro.
b D&Z 76:12, 19;
136:32; 138:11.

2 Takaona Ishe vamire pamberi paaritari, pamberi pedu, uye pasi petsoka dzake pakarovererwa chiumbwa chegoridhe chairo riine ruvara rwutsvuku.

3 ^aMaziso avo aiita serimi remoto, vhudzi remusoro mavo rakachena sechando chaicho; ^bchiso chavo chaipenya kupfura kupenya kwezuva; uye ^cizwi ravo rainge richiita semvura zhinji iri kuyerera, kana izwi ^draJehova, richiti:

4 Ndini ^awekutanga newekupedzisira; Ndini iye ^bmupenyu, Ndini iye akauraiwa; Ndini ^cmurevereri wenyu kuna Baba.

5 Tarisai zvitadzo zvenyu ^amazviregererwa; makachena pamberi pangu; nokudaro, simudzai misoro yenyu mufare.

6 Mwoyo yehama dzenyu ngaifare, uye mwoyo yevanhu vangu vose ngaifare, avo ^avavaka nesimba ravo, imba ino kuzita rangu.

7 Nokuti tarisai, ^andatambira ^bimba ino uye zita rangu richave muno; uye ini ndichazviratidza kuvanhu vangu mutsitsi mumba ino.

8 Hongu, ^andichazviratidza kuvaranda vangu, uye ndicha-

taura kwavari nezwi rangu, kana vanhu vangu vakachenge-ta mirairo yangu, uye ^bvakasasvibisa imba ino ^ctsvene.

9 Hongu, mwoyo yezviuru uye nemakumi ezviuru ichafara zvikuru pamusana ^apemaropafadzo achadirwa, ^bneendawumenti dzapihwa varanda vangu mumba ino.

10 Uye nembiri yemba ino ichasvika kunyika dzevatorwa; uye uku ndikokutanga kwemaropafadzo ^aachadirwa pamisoro yevanhu vangu. Kuyangwe saizvozvo. Amen.

11 Mushure mekuzarirwa ^akwechiratidzo ichi, matenga akazarurirwa isu zvakare; uye ^bMosesi akauya pamberi pedu, uye akatipa ^ckiyi ^ddzeukuunganidza Israeri kubva kumativi mana epasi, uye nedzekutungamira marudzi gumi kubva kunyika ^eyekuchamhembe.

12 Mushure meizvi, ^aEria akoneka, uye akapa ^bmukuwo ^cwevhangeri raAbrahama, achiti matiri nemumbeu yedu zvose zvizvarwa mushure medu zvinofanira kuropafadzwa.

13 Mushure mekunge chiratidzo ichi chavharwa, chimwe

3a Zvaka. 1:14.

b Zvaka. 1:16;
Nh—JS 1:17.

c Ezk. 43:2;
Zvaka. 1:15;
D&Z 133:21-22.

d NKM Jehova.

4a NKM Dangwe.

b Deut. 5:24.

c NKM Mumiririri.

5a NKM Regerera.

6a D&Z 109:4-5.

7a II Mak. 7:16.

b NKM Temberi, Imba

yaIshe.

8a D&Z 50:45.

b D&Z 97:15-17.

c NKM Mutsvene.

9a Gen. 12:1-3;

D&Z 39:15;

Abr. 2:8-11.

b D&Z 95:8.

NKM Endawumenti.

10a D&Z 105:12.

11a NKM Kuratidzwa
(Chiratidzo).

b Mat. 17:3.

c NKM Kiyi

dzeHupirisita.

d Jak. 6:2; D&Z 29:7.

NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.

e D&Z 133:26-32.

NKM Israeri—
Marudzi gumi
akarasika alIsraeri.

12a NKM Eria.

b NKM Mukuwo.

c VaG. 3:6-29.

NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

chiratidzo chikuru uye chinoshamisa chakasvika patiri; nokuti “Erija muporofita, uyo akatorwa kuenda kudenga asina kumboraira rufu, akamira pamberi pedu akati;

14 Tarisai, nguva yasvika ize-re, iyo yakataurwa nemuromo waMaraki — achipupura kuti iye Erija achatumwa zuva guru rinotyisa raIshe risati rauya —

15 “Kutendeutsira mwoyo yanababa kuvana, uye yevana kunanababa, nokuti pasi rose ringarohwe neshura —

16 Nokudaro, kiyi dzenguva ino dzapihwa mumaoko enyu; uye naizvozvi mungazive kuti “zuva guru rinotyisa raIshe rave pedyo, kunyangwe pami-siwo chaipo.

CHIKAMU 111

Zvakazarurwa zvakapiwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, pa-Salem, Massachusetts, 6 Nyamavhuwuhu 1836 (History of the Church, 2:465–466). Panguva iyi vatungamiri veChechi vakanga vari muchikwere-ti pamusana pekushanda kwavo mukushumira. Vanzwa kuti vanogona kuwana mari yakawanda kuSalem, Muporofita, naSidney Rigdon, Hyrum Smith, uye naOliver Cowdery vakaendako vachibva kuKirtland, Ohio, kunotsvaga nyaya iyi uye vachiparidzawo vchangeri. Varume ava vakaita zvizhinji zvebasa reChechi uye vakaparidza. Pazvakave pachena kuti haku-na mari yakanga ichiuya, vakadzokera kuKirtland. Zvizhinji zvezvinhu zvikuru munyaya iyi zvinoonekwa mumazwi ezvakazarurwa zvino.

1–5, *Ishe vanotarisa kuzvinhu zvemunyika zvinodiwa nevaranda vavo; 6–11, Vachashanda neZioni netsitsi uye vagoronga zvoise zvinhu kuitira kupunduka kwevaranda vavo.*

INI, Ishe Mwari venyu, handina kusafara nekuuya kwenyu parwendo rwuno, zvisinei nekukanganisa kwenyu.

2 Ndine upfumi hwakawanda hwenyu muguta rino hunoyamura Zioni, uye vanhu vazhinji muguta rino, avo vandichau-nganidza nenguva yakafanira

kupundutsa Zioni, kuburikidza nokushanda kwenyu.

3 Naizvozvo, zvakafanira kuti mujairane nevanhu vari muguta rino, sekutungamirwa kwamuchaitwa, uye sekuzvipihwa kwamunoiwa.

4 Uye zvichaitika nenguva yakafanira kuti ndichapa guta rino mumaoko enyu, kuti muzove nesimba pamusoro paro, zvekuti havazombowana zvakavanzika zvenyu; uye upfumi hwaro huri maererano negoridhe nesirivha huchave hwenyu.

5 Musazvinetse pamusana

13a NKM Erija.
b NKM Vanhu
Vakapindurwa.
15a Nh—JS 1:38–39.

NKM Nhorondo
yezvizvarwa;
Ruponeso
rweVakafa.

16a NKM Mazuva
Ekupedzisira.

“pezvikwereti zvenyu, nokuti ndichakupai zvenyu, nokuti ndichakupai simba rekuzviripa.

6 Musazvinetse pamusana peZioni, nokuti ndichashanda nayo netsitsi.

7 Garai munzvimbo ino, uye nemumatunhu akatenderedza;

8 Uye nemunzvimbo iyo ino-va chido changu kuti mugare, zvikuru-kuru, zvicharatidzwa kwamuri “nerunyararo nesimba reMweya wangu, izvo zvichayererera kwamuri.

9 Ino nzvimbo munogona kuiwana kana mabvisa mari. Uye bvunzai zvakasimba pamusoro pevagari vakatanga guta iri.

10 Nokuti mune upfumi hunopfuura humwechete muguta rino.

11 Naizvozvo, “chenjerai senyoka asi musina chitadzo; uye ndichaita kuti zvose zvinhu ^bzvinakire imi, nokukurumidza kana muchigona kuzvigashira. Amen.

CHIKAMU 112

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita kuna Thomas B. Marsh, paKirtland, Ohio 23 Chikunguru 1837 (History of the Church, 2:499–501). Chakazarurwa ichi chineshoko raIshe kuna Thomas B. Marsh pamusoro peVaapostori vaneGumi neVaviri veGwayana. Muporofita anonyora kuti chakazarurwa ichi chakatambirwa muzuva rakatanga kuparidzwa vhangeri muEngland. Thomas B. Marsh panguva iyoyi akanga ari Mutungamiri wechikwata cheVaapostori vaneGumi neVaviri.

1–10, VaneGumi neVaviri vanofanira kutumira vhangeri uye nokusimudzira izwi rekuyambira kumarudzi ose nevanhu; 11–15, Vanofanira kutora muchinjikwa wavo, votevera Jesu, nekufudza hwai dzake; 16–20, Avo vanogamuchira Hutungamiri Hwekutanga vanogashira Ishe; 21–29, Rima rakafukidza pasi, uye avo chete vanotenda uye vakabhabhatidzwa ndivo vanoponeswa; 30–34, Hutungamiri Hwekutanga nevaneGumi neVaviri vane kiyi dzenguva yekuzara kwenguva.

ZVIROKWAZVO vanodaro Ishe kwauri iwe muranda wangu Thomas: Nanzwa minamato yako; uye yauya “sendangariro kwandiri, kuitira idzo hama dzako vakasarudzwa kuti vape uchapupu hwezita rangu ^bnokuritumira kure kumarudzi, madzinza, ndimi, nevanhu vose, uye kaburikidza neku-shanda kwevaranda vangu.

2 Zvirokwazvo ndinoti kwauri, kune zvinhu zvange zviri mumwoyo mako uye zvauinazvo izvo zvisina kundifadza ini, Ishe.

111 5a D&Z 64:27–29.
8a D&Z 27:16.
NKM Runyararo.

11a Mat. 10:16.
b VaR. 8:28;
D&Z 90:24; 100:15.

112 1a Mabasa 10:4.
b D&Z 18:28.

3 Zvisinei, kana uri “wazvidzikisa uchasimudzwa; nokudaro, zvitadzo zvako zvose wazviregererwa.

4 Mwoyo wako “ngaufare zvakanaka pamberi pechiso changu; uye uchapupura pamusoro pezita rangu, kwete ^bkumajentairi chete, asiwo “nekuvaJuda; uye uchatumira izwi rangu kumiganhu yepasi.

5 “Rwisa iwe, nokudaro mangwanani nemangwanani ezuva, zuva nezuva ita kuti ^bkuyambira kwako kuende munyika; uye kana husiku hwauya usaregere vagari vemunyika vachikotsira, pamusana peku- taura kwako.

6 Ita kuti paunogara pazivikawne muZioni, uye “usabvise imba yako; nokuti Ini Ishe ndine basa guru rako rekuti uite, mukushambadza zita rangu pakati pevana vevanhu.

7 Naizvozvo, “sungira nguwo dzako muchiuno chako kuitira basa. Tsoka dzako ngadzipfekedzwe shangu naidzowo, nokuti wasarudzwa, uye nzira yako iri mumakomo, nemukati memarudzi mazhinji.

8 Uye nezwi rako vazhinji vari pamusoro “vachadziki- swa pasi, uye nezwi rako vazhinji vakadzikira vachasi- mudzwa.

9 Izwi rako richava chitsiuro kumutadzi; uye mukutsiura kwako ita kuti rurimi rwe- munyepi ruregere hutsauki hwarwo.

10 Iva “wakazvininipisa, uye Ishe Mwari vako vachakutunga- mirira neruoko, uye nokukupa mhinduro kuminamoto yako.

11 Ndinoziva mwoyo wako, uye ndakanzwa minamoto yako pamusoro pehama dzako. Usa- vade kupfuura vamwe vazhinji, asi rega “rudo rwako kwavari ruve serwako; uye rudo rwako ngaruwande kuvanhu vose, uye nekune avo vose vanoda zita rangu.

12 Uye namatira hama dzako dzineGumi neVaviri. Vatsiure zvakasimba kuiitira zita rangu, uye urege varangwe pamusana pezvitadzo zvavo zvose, uye iwe uve wakatendeka pamberi pangu “muzita rangu.

13 Uye mushure “mekuedzwa kwavo, uye ^bnokutambudzika kwakawanda, tarisai, Ini Ishe, ndichavanzwirwa nyasha, uye vakasaomesa mwoyo yavo, vakasaomesa mitsipa yavo kwandiri, “vachatendeutswa, uye ini ndichavarapa.

14 Zvino, ndinoti kwauri, uye zvandinotaura kwauri ndino- zvitaura kune vaneGumi ne- Vaviri vose: Simuka usungira

3a Mat. 23:12;
Ruka 14:11.

4a Mat. 9:2;
Joh. 16:33.
b D&Z 18:6; 90:8-9.
c D&Z 19:27.

5a Jud. 1:3.
b D&Z 1:4-5.

6a Mpi. 125:1.

7a VaE. 6:13-17.

8a NKM Akazvininipisa.

10a Zir. 18:12.

11a Mat. 5:43-48.

NKM Rudo
Rwakadzama; Rudo.

12a NKM Jesu Kristu—

Kutora Zita raJesu
Kristu paTiri.

13a NKM Chiedzo.

b Joh. 16:33;
Zvaka. 7:13-14;
D&Z 58:3-4.

c 3 Ni. 18:32.

NKM Kupinduka.

nguwo dzako muchiuno chako, tora “muchinjikwa wako, unditevere, uye ^bufudze hwai dzangu.

15 Usazviise pamusoro; “usapandukira muranda wangu Joseph; nokuti zvirokwazvo ndinoti kwauri, ndinaye ini, uye ruoko rwangu rwuchave paari; uye ^bkiyi dzandamupa, uyewo nekunewewo, hadzizobvutwa kwaari kusvika ndauya.

16 Zvirokwazvo ndinoti kwauri, muranda wangu Thomas, ndiwe munhu andasarudza kuti ubate kiyi dzeumambo hwangu, maererano nevaneGumi neVaviri, munyika pakati pamarudzi ose—

17 Kuti ugove muranda wangu kuti ugozarura musiwu weumambo munzvimbo dzose idzo muranda wangu Joseph, uye nemuranda wangu “Sidney, nemuranda wangu ^bHyrum, dzavasingagone kuuya;

18 Nokuti pavari ndipopandaisa mutoro chechi dzose kwechinguva chakati kuti.

19 Nokudaro, kwose kwavachakutumia; enda, uye ini ndichave newe; uye nemunzvimbo yose yauchataura izwi rangu, pachazarurwa musiwu “wekushanda nawo kwauri, kuti vagashire izwi rangu.

20 Uyo “achagashira izwi rangu anogashira ini, uye uyo anogashira ini, anogashira iva vo, veHutungamiri Hwekutanga, avo vandakatumira, avo vandakaita makurukota pamusoro pangu kwamuri.

21 Uye zvakare, ndinoti kwauri, uyo wauchatuma muzita rangu, nezwi rehama dzako, “vaneGumi neVaviri, uye vakataurwa ^bvakabvumirwa newe, vachave nesimba rekuzarura musiwu weumambo hwangu kurudzi rwupi zvarwo kwose kwauchatumira—

22 Kana vari vanozvinipisa pamberi pangu, uye vachigara muzwi rangu, uye “vachiteera kuzwi reMweya wangu.

23 Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwauri, “rima rakaputira nyika, uye rima rakanyanya kupfungwa dzevanhu, yose nyama ^byakaora pamberi pechiso changu.

24 Tarisai, “kudzorera kunouya nokukurumidza pavagari vepasi, zuva rehasha, zuva rekupisa, zuva rekuparara, ^brekuchema, nekugungudzika, uye nokukungura; uye sechamupupuri richauya panyika yose, vanodaro Ishe.

25 Uye pamba pangu “ndopazvichatangira, uye kubva pa-

14a Mat. 16:24.
DJS, Mat. 16:25–26;
Ruka 9:23.

^b Joh. 21:15–17.

15a NKM Hupanduki.
^b D&Z 28:7.

NKM Kiyi
dzeHupirisita.

17a NKM Rigdon, Sidney.
^b NKM Smith, Hyrum.

19a I VaKori. 16:9;
D&Z 118:3.

20a D&Z 84:35–38.

21a D&Z 107:34–35.

^b NKM Mvumo.

22a NKM Teerera;
Anoteerera.

23a Isa. 60:2; Mika 3:6;
D&Z 38:11.

NKM Kurasika

pachitendero—

Kurasika

pachitendero

kweChechi

rekutanga

rechiKristu.

^b D&Z 10:20–23.

24a NKM Kutsividza.

^b D&Z 124:8.

25a I Pet. 4:17–18.

mba pangu zvichaenda mberi; vanodaro Ishe;

26 Kutanga pakati peavo vari pakati penyu, vanodaro Ishe, vakapupura kuti “vanoziva zita rangu asi vasina ^bkundiziva, uye “vakandituka pakati pemba yangu, vanodaro Ishe.

27 Nokudaro, onai kuti hamuzvinetse pamusoro penyaya dzechechi yangu munzvimbo ino, vanodaro Ishe.

28 Asi “chenesai mwoyo yenyu pamberi pangu; uye imi ^bendai munyika yose, uye muparidzire vhangeri rangu kuchisikwa chose chisati charitambira;

29 Uye uyo “anotenda ^bakabhabhatidzwa achaponeswa uye uyo asingatende, uye akasabhabhatidzwa “acharaswa.

30 Nokuti kwamuri “vaneGumi neVaviri, uye neavo, veHutungamiri ^bHwekutanga, uye vakadomwa pamwechete nemi kuti vave makurukota enyu nekuve vatungamiri venyu, ndikwo kwakapihwa simba rehufundisi uhwu kwemazuva

ekupedzisira uye kwenguva yekupedzisira, muri imo mune “mukuwo wekuzara kwenguva.

31 Riri iro simba ramuinaro, maererano neavo vose vakagashira zvenguva, panguva ipi zvayo kubvira pakutangwa kwekusikwa;

32 Nokuti zvirokwasvo ndinoti kwamuri, “kiyi dzezvenguva iyoyi, iyo yamagashira, ^bdzakadzika kubva kumadzibaba, uye pekupedzisira, ndokutumirwa kubva kudenga kuuya kwamuri.

33 Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, tarisai kukura kwakaita kudaidzwa kwenyu. “Sukai mwoyo yenyu uye nenhumbi dzenyu, potse ropa rechizvarwa chino ^bringazodiwa mu maoko enyu.

34 Tendekai kudakara ndauya, nokuti “ndinouya nokukurumidza; uye mubairo wangu ndinawo kuti ndiripire wose munhu maererano nezvinenge zvakaita ^bbasa rake. Ndini Arfa naOmega. Amenii.

CHIKAMU 113

Mhinduro kune mimwe mibvunzo pamusoro pezvinyorwa zvaIsaya, dzakapihwa naJoseph Smith Muporofita, Kurume 1838 (History of the Church, 3:9–10).

26a Mat. 7:21–23;

D&Z 41:1; 56:1.

^b Ruka 6:46;

Mosaya 26:24–27;

3 Ni. 14:21–23.

^c NKM Kutaura zvisina.

28a NKM Chakachena.

^b Marko 16:15–16.

29a Morm. 9:22–23;

D&Z 20:25–26.

^b NKM Bhabhatidza.

^c NKM Kuraswa.

30a NKM Muapositori.

^b NKM Hutungamiri

hweKutanga.

^c VaE. 1:10;

D&Z 27:13; 124:40–42.

NKM Mukuwo.

32a D&Z 110:11–16.

NKM Kiyi

dzeHupirisita.

^b Abr. 1:2–3.

33a Jak. 1:19.

^b D&Z 72:3.

34a Zvaka. 22:7, 12;

D&Z 49:28; 54:10.

^b NKM Mabasa.

1-6, Muti waJesi, bazi rinobva pauri, uye nedzinza raJesi zvino-dudzirwa; 7-10, Vakasara vevakapararira veZioni vane mvumo yehupirisita uye vanodaidzwa kuti vadzokere kuna Ishe.

NDIANI weMuti “waJesi ari kutaurwa nezvake mundima yekutanga, yechipiri, yechitatu, yechina neyechishanu muchitsauko chegumi neimwechete muna Isaya?

2 Zvirokwazvo vanodaro Ishe: Ndiye Kristu.

3 Chii chitanda chirikutaurwa nezvacho mundima yekutanga yechitsauko chegumi neimwechete chaIsaya, chinofanira kuuya chichibva pamuti waJesi chii?

4 Tarisai, vanodaro Ishe: Muranda ari mumaoko aKristu, ari rumwe rutivi wechizvarwa chaJesi “nechaEfraimi, kana we-mba yaJosefa, uyo akapihwa ^bsimba rakawanda.

5 Chii chirikunzi mudzi waJesi chirikutaurwa mundima yegumi muchitsauko chegumi neimwechete?

6 Tarisai, vanodaro Ishe, ndiye wechizvarwa chaJesi, nechaJosefa, zvakare uko kunofanirwa kuve nehupirisita, “nemakiyi eumambo, kuve ^bsemureza, “mukuunganidza vanhu vangu mumazuva ekupedzisira.

7 Mibvunzo yaElias Higbee: Zvinorevei zviri kutaurwa muna Isaya chitsauko makumi mashanu nembiri, chikamu chekutanga chinoti: Pfeka simba rako, Zioni—uye ndivanani vanhu vaitaurwa kuna Isaya?

8 Aitaura avo vaizodaidzwa naMwari mumazuva ekupedzisira, avo vachange vaine simba rehupirisita rekuunza zvakare “Zioni, nokununurwa kweIsraeri, uye kupfeka ^bsimba ravo kupfeka mvumo yehupirisita, uho iyo Zioni ine ^ckodzero kwahuri kuburikidza nedzinza rayo; nokudzokerawo kusimba riya rayakanga yarasa.

9 Chii chatinonzwisisa kana zvichinzi Zioni izvisunungure majoto ari mumutsipa mayo; ndima yechipiri?

10 Tinofanira kunzwisisa kuti vakasara “vevakapararira vanonyengetedzwa kuti ^bvadzokere kuna Ishe uko kwavakakoromoka vachibva; zvekuti kana vakazviita, chivimbiso chaIshe ndechekuti vachataura kwavari, kana kuvapa zvakarurwa. Onai ndima yechitanhatu, yechinomwe, neyeruserere. Majoto emutsipa wayo kutukwa naMwari kuri paari, kana vakasara veIsraeri mukupararira kwavo pakati pe-maJentairi.

113 1a NKM Jesi.
4a Gen. 41:50-52;
D&Z 133:30-34.
NKM Efraimi.
b NKM Simba.
6a NKM Kiyi
dzeHupirisita.

b D&Z 45:9.
NKM Mureza.
c NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.
8a NKM Zioni.
b D&Z 82:14.

c NKM Nhaka
yeKuzvarwa nayo.
10a NKM Israeri—
Kupararira kwa
Israeri.
b Hos. 3:4-5;
2 Ni. 6:11.

CHIKAMU 114

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paFar West, Missouri 17 Kubvumbi 1838 (History of the Church, 3:23).

1–2, *Zvinzvombo muChechi zvine avo vasingatendeke zvinopihwa kune vamwe.*

ZVIROKWAZVO vanodaro Ishe: Ungwaru mumuranda wangu David W. Patten, kuti agadzirise basa rake rose noku-kurumidza chaizvo, uye agotengesa zvinhu zvake zvose, kuti agondiitira rimwe basa rangu pamatsutso anouya, pamweche-

te nevamwe, kunyangwe gumi nevaviri pamwechete naiye, kuti vapupure pamusoro pezita rangu uye nekutakura nyaya dzinofadza kupasi rose.

2 Nokuti zvirokwasvo vanodaro Ishe, kuti sezvo kuine vamwe pakati penyu vanoramba zita rangu, ^akuchaiswa vamwe ^bmunzvombo dzavo uye vago-gashira hubhishopi hwavo. Ameni.

CHIKAMU 115

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paFar West, Missouri, 26 Kubvumbi 1838 zvichizivisa chido chaMwari pamusoro pekuvakwa kwenzvombo iyoyo uye nemba yaIshe (History of the Church, 3:23–25). Chakazarurwa ichi chakanangana nevanotungamira vashandi veChechi.

1–4, *Ishe vanotumidza chechi yavo kuti Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira; 5–6, Zioni nehoko dzayo inzvombo dzekudzivirira uye nedzekuhwanda kweVatendi; 7–16, Vatendi vanorairwa kuti vavake imba yaIshe paFar West; 17–19, Joseph Smith ane kiyi dzeumambo hwaMwari pasi pano.*

ZVIROKWAZVO vanodaro Ishe kwauri, muranda wangu ^aJoseph Smith, Mwana, uyewo nekumuranda wangu ^bSidney Rigdon, uye nemura-

nda wangu ^cHyrum Smith, uye nemakurokota enyu varipo uye navadomwa pano mushure;

2 Uye nekwauriwo, muranda wangu ^aEdward Partridge, uye nemakurukota ake;

3 Uye nekuvaranda vangu vakatendeka avo vari mudare repamusoro rechechi yangu muZioni, nokuti ndikokudaidzwa kwarichaitwa, uye neku-magosa ose nevanhu veChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, vakapararira nenyika;

4 Nokuti ndikokudaidzwa ku-

114 2a D&Z 118:1, 6.

^b D&Z 64:40.

115 1a NKM Smith,

Joseph, Mwana

^b NKM Rigdon, Sidney.

^c NKM Smith, Hyrum.

2a NKM Partridge,

Edward.

chaitwa “chechi yangu muma-
zuva ekupedzisira, kunyangwe
^bChechi yaJesu Kristu yaVate-
ndi vaMazuva Ekupedzisira;

5 Zvirokwazvo ndinoti kwa-
muri mose; “Simukai mupenye
kuti chiedza chenyu chive
^bmureza wemarudzi;

6 Uye nekuti “kuungana
pamwechete munyika ^byeZio-
ni; ‘nepahoko dzayo zvigova
“chidziviro, uye neruchenge-
to kubva kudutu nekubva ku-
hasha “padzichadirwa dzisina
kusanganiswa pamusoro pe-
nyika yose.

7 Regai guta rinonzi Far West,
rive dzvene, nyika yakatsauri-
rwa kwandiri; uye richanzi
dzvene kupfuura mamwe, no-
kuti paumire “patsvene.

8 Naizvozvo, ndinokuraira
kuti “undivakire imba yekuu-
nganidzira vatendi vangu pa-
mwechete kuti ^bvagondinamata.

9 Uye ngakuve nokutanga
kwebasa iri, uye nehwaro, uye
nebasa rekugadzirira, muzhi-
zha rino ririkutevera;

10 Uye regai kutanga kui-
twe muzuva rechina raChiku-
nguru anouya; uye kubvira
panguva iyoyo zvichienda
mberi vanhu vangu ngavasha-
nde neshungu kuti vavake
imba muzita rangu;

11 Uye mushure megore “ri-
mwechete kubvira nhasi nga-

vatange zvakare kuisa hwaro
^bhwemba yangu.

12 Saka regai kubvira pangu-
va iyoyo vashande neshungu
kudakara yapera, kubvira pado-
mbo rechitsigiro kusvika kumu-
soro, kudakara pasisina kana
chii zvacho chisina kupera.

13 Zvirokwazvo ndinoti kwa-
muri, musarege muranda
wangu Joseph, kana muranda
wangu Sidney, kana muranda
wangu Hyrum, vachipinda
muzvikwereti zvakare pamu-
sana pekuvakwa kwemba mu-
zita rangu;

14 Asi regai kuvakwe imba iri
muzita rangu maererano “ne-
mutowo wandichavaratidza.

15 Uye kana vanhu vangu
vakaivaka zvisiri maererano
nemutowo wandicharatidza
vatungamiri vavo, handizoi-
bvuma kubva kwavari.

16 Asi kana vanhu vangu va-
kaivaka maererano nemutowo
wandicharatidza vatungamiri
vavo, vanove muranda wangu
Joseph nemakurukota ake, ipa-
po ndinozoibvuma kubva mu-
maoko evanhu vangu.

17 Uye zvakare, zvirokwazvo
ndinoti kwamuri, chido changu
kuti guta reFar West rinofanira
kuvakwa nokukurumidza mu-
kuunganidza vatendi vangu;

18 Uye nokutiwo dzimwe
nzvimbo gadzidomwe kuitira

4a 3 Ni. 27:4-8.

^b NKM Chechi yaJesu
Kristu yaVatendi
vaMazuva
Ekupedzisira.

5a Isa. 60:1-3.

^b Isa. 11:12.
NKM Mureza.

6a NKM Israeri—

Kuunganidzwa kwa
Israeri.

^b NKM Zioni.

^c D&Z 101:21.

NKM Hoko.

^d Isa. 25:1, 4;
D&Z 45:66-71.

^e Zvaka. 14:10;

D&Z 1:13-14.

7a NKM Mutsvene.

8a D&Z 88:119; 95:8.

^b NKM Kunamata.

11a D&Z 118:5.

^b D&Z 124:45-54.

14a VaH. 8:5; D&Z 97:10.

“hoko mumatunhu akatendere-dza, sekuratidzwa kwazvichaitwa kumuranda wangu Joseph, nguva nenguva.

19 Nokuti tarisai, ndichave

naye, uye ndichamuchenesa pamberi pevanhu; nokuti kwari ndapa “kiyi dzeumambo huno nebasa. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 116

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, pedyo nepa-Ferry yaWight, panzvimbo yainzi Spring Hill, Ruwa rweDavies, Missouri, 19 Chivabvu 1838 (History of the Church, 3:35).

SPRING Hill yakatumidzwa naIshe kunzi “Adama-ondi-Amani, nokuti vakati ivo, ndiyoinzvimbo iyo ^bAdama yachauya kuzoshanyira vanhu

vake, kana “Vakweguru vaMazuva pavachagara, sekutaurwa kwazvakaitwa nemuporofita Danieri.

CHIKAMU 117

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paFar West Missouri, 8 Chikunguru 1838, pamusoro pemabasa aidiwa nguva iyoyo kuna William Marks, Newel K. Whitney, naOliver Granger (History of the Church, 3:45–46).

1–9, *Varanda vaIshe havana kufanira kuchiva zvinhu zvenyika, nokuti “Chii chinonzi midziyo kuna Ishe?”*; 10–16, *Vanofanira kusiya zvisina maturo, uye mipiro yavo ichave inoera kuna Ishe.*

ZVIROKWAZVO vanodaro Ishe kumuranda wangu William Marks, uye zvakare nekumuranda wangu Newel K. Whitney, ngavagadzirise zvebasa ravo nokukurumidza uye vaende parwendo kubva kunyika yeKirtland, ini Ishe ndisati

ndatumira zvakare chando pamusoro penyika.

2 Ngavamuke, uye vasimuke vauye, uye vasagare nokuti Ini Ishe, ndaraira.

3 Naizvozvo, vakagara, hazvivanakire.

4 Regai vatendeuke pazvitadzo zvavo zvose, uye nekuchiva kwavo kwose, pamberi pangu, vanodaro Ishe; nokuti chii chinonzi “midziyo kwandiri? vanodaro Ishe.

5 Zvinhu zviru muKirtland ngazvitengeswe zviripe “zvi-

18a D&Z 101:21.

NKM Hoko.

19a NKM Kiyi
dzeHupirisita.

116 1a D&Z 78:15.

NKM Adama-ondi-Amani.

b NKM Adama.

c Dan. 7:13–14, 22.

117 4a D&Z 104:14.

5a D&Z 104:78.

kwereti, vanodaro Ishe. Nga-zviende, vanodaro Ishe, uye izvo zvinenge zvasara, ngazvisare zviri mumaoko enyu, vanodaro Ishe.

6 Ko handina here shiri dzedenga nehove dzegungwa, uye nenhika dzemakomo? Handina kuita nyika here? Handizini here ndakabata “upenyu hwe-mawuto ose emarudzi epasi pano?”

7 Naizvozvo, handingaite here kuti nzvimbo “dzakaoma dzibereke dzive nemaruva, uye nokuti dziunze zvakawanda? vanodaro Ishe.

8 Hamuna nzvimbo yakakwana here mumakomo “aAdama-ondi-Amani, uye nemumarenje eOlahu ^bShineha, kana ‘munyika maigara Adama, kuti muchive izvi zvinove kadonwe, uye muchiregera nyaya dzine chiremerera?”

9 Naizvozvo, uyayi kuno kunyika yevanhu vangu, kunyangwe Zioni.

10 Regai muranda wangu William Marks ave “akatendeka muzvinhu zvishoma, uye anozove mutongi wezvishinji. Ngatungamire ari pakati pevanhu vangu muguta reFar West, uye murege aropafadzwe nemaropafadzo evanhu vangu.

11 Regai muranda wangu Newel K. Whitney anyare nezveboka “reNikorayatini zvose

zvavanoita ^bmuchivande zvinyangadza nezvisina maturo pamberi pangu, vanodaro Ishe, uye auye kunyika yeAdama-ondi-Amani, uye ave ‘bhishopi wevanhu vangu, vanodaro Ishe, kwete muzita asi muzviito, vanodaro Ishe.

12 Uye zvakare ndinoti kwamuri, ndinorangarira muranda wangu “Oliver Granger; tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwaari zita rake richarangarirwa serinoyera muzvizvarwa nezvizvarwa, nariini nariini, vanodaro Ishe.

13 Naizvozvo ngaarwise zvakasimba nezve rununuro rweHutungamiri hweKutanga hweChechi yangu, vanodaro Ishe. Uye kana akapuzika achasimuka zvakare, nokuti “mupiro wake uchave unoyera zvikuru kwandiri, kupinda rugare rwake, vanodaro Ishe.

14 Naizvozvo, regai auye nokukurumidza, kunyika yeZioni; uye nenguva yakafanira achaitwa mutengesu muzita rangu, vanodaro Ishe, kuyamura vanhu vangu.

15 Naizvozvo hakuna munhu anofanira kushora muranda wangu Oliver Granger, asi regai maropafadzo evanhu vangu ave paari nariini nariini.

16 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, regai varanda vangu vose vari munyika ye-Kirtland varangarire Ishe Mwa-

6a Mabasa 17:26;
1 Ni. 17:36-39.

7a Isa. 35:1;
D&Z 49:24-25.

8a D&Z 116:1.
NKM Adama-ondi-Amani.

b Abr. 3:13.

c NKM Edeni.

10a Mat. 25:23.

11a Zvaka. 2:6, 15.

b NKM Huranganwa
hwehuruvande.

c NKM Bhishopi.

12a NEMAMWE MAZWI
mumiririri
akasiyiwa
neMuporofita kuti
agadzirise nyaya
dzake muKirtland.

13a NKM Kupira.

ri vavo, uye nemba yanguwo, kuti tarire uye nekuichengetedza iri tsvene, uye nokutanda-

nisa vanochinja mari munguva yangu, vanodaro Ishe. Kunyanguwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 118

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paFar West, Missouri, 8 Chikunguru 1838, yaive mhinduro kuchichemo, "Tiratidzei chido chenyu Ishe, pamusoro pevaneGumi neVaviri" (History of the Church, 3:46).

1-3, *Ishe vachariritira mhuri dzevaneGumi neVaviri; 4-6, Nzvimbo dzisina vanhu mune vaneGumi neVaviri dzinozadziswa.*

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe: Ngakuitwe muchechi izvozvi, vaneGumi neVaviri ngavarongwe; uye ngakudomwe vanhu "vanatora nzvimbo dzeavo vakapuzika.

2 Regai muranda wangu "Thomas ambogara kwechinguva munyika yeZioni, kuti ashambadze izwi rangu.

3 Regai avo vakasara varambe vachiparidza kubvira panguva iyoyo, uye kana vakaita izvi mukurereka chaiko kwe-mwoyo, muhunyoro uye "nomukuzvininipisa, uye ^bne-mwoyo murefu, Ini Ishe, ndinopa kwavari chivimbiso chekuti ndichariritira mhuri dzavo; uye musiwo unosha-

nda vachauzarurirwa kubvira zvino.

4 Uye mwaka unouya ngavabve vaende mhiri kwemvura huru, uye ikoko vasvikotaura vhangeri rangu, kuzara kwaro, uye nokupupura pamusoro pezita rangu.

5 Regai vaende kunowoneka vatendi vangu vari muguta re-Far West, muzuva rechimakumi maviri nenhanhatu remwedzi waKubvumbi panzvimbo apo pachavakwa imba yangu, vanodaro Ishe.

6 Regai muranda wangu John Taylor, uyewo nemuranda wangu John E. Page, uyewo nemuranda wangu Wilford Woodruff, uyewo nemuranda wangu Willard Richards, vadamwe kuti vatore nzvimbo dzeavo vakapuzika, uye vagozviswa zviri pamutemo kuti vadomwa.

CHIKAMU 119

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paFar West, Missouri, 8 Chikunguru 1838, semhinduro kuchichemo chake: "Ishe! Ratidzai kumuranda wenyu kuti munoda zvakawanda

118 1a Mabasa 1:13,
16-17, 22-26.

2a NKM Marsh,
Thomas B.

3a NKM Akazvininipisa.
b NKM Tsungirira.

zvakadii pamidziyo yevanhu venyu mukubvisa chegumi” (History of the Church, 3:44). Mutemo wechegumi, sekunzwickwa kwaunoi-twa nhasi, hauna kunge wakapihwa kuChechi zvakazarurwa zvino zvi-sati zvauya. Izwi rinoti chegumi riri mumunamato wabva mukutaurwa uye uri mune zvakazarurwa zvakatanga (64:23; 85:3; 97:11) hauna kunge uchireva chidimbu chimwechete pagumi chete, asi yose mipiro inoitwa nekuda, kana kupa kuhomwe yeChechi. Ishe vakambenge vapa kuChechi mutemo wekutsaura uye nehutariri hwemidziyo, uwo nhengo (Kunyanya magosa anotungamira) dzaipinda mauri nechibvumirano chakanga chichifanira kusapera. Pamusana pekutadza kwevazhinji mukuchengeta chibvumirano ichi, Ishe vakachibvisa kwechinguva uye ndokubva vavapa munzvimbo yacho murau wechegumi kuChechi yose, Muporofita akabvunza Ishe kuti pazvinhu zvevanhu vaida zvakawa-nda sei zvokushandisa mumabasa anoyera. Mhinduro yacho ndicho chakazarurwa chino.

1-5, Vatendi vanofanira kubhadha-
ra zvinhu zvavo zvavanosiya uye
vagozopa, sechegumi, chikamu chi-
mwechete mugumi mune zvava-
nowana pagore; 6-7, Kuita ikoko
kuno chenesa nyika yeZioni.

ZVIROKWAZVO vanodaro
Ishe, ndinoda zvinhu zva-
vo “zvavanosiya zvose zviiswe
mumaoko abhishopi wechechi
yangu muZioni,

2 Kuti kuvakwe “imba yangu,
uye nekuisa hwaro hweZioni
uye nehufundisi, uye nezvi-
kwereti zveHutungamiri hwe-
Chechi yangu.

3 Uye uku ndikokuchave ku-
tanga kwekubvisiswa “chegu-
mi kwevanhu vangu.

4 Uye mushure mezvo, avo va-
nenge vanzi vabvise chegumi
vachabvisa chikamu chimwe-
chete mugumi chezvavanowana
pagore; uye uyu uchave mute-

mo wakamiswa kwavari narii-
ni, kuitira hupirisita hwangu
hutsvene, vanodaro Ishe.

5 Zvirokwazvo ndinoti kwa-
muri, zvichaitika kuti vose avo
vanoungana munyika “yeZioni
vachabvisiswa chegumi pane
zvinosara zvemidziyo yavo, uye
vachacherechedza mutemo uyu,
kana kuti havazowanikwa vaka-
kodzera kugara pakati penyuu.

6 Uye ndinoti kwamuri, kana
vanhu vangu vasingachereche-
dze mutemo uyu, kuuchengeta
uri mutsvene, uye kuti nemu-
temo uyu vachenese nyika “ye-
Zioni kwandiri, kuti mirau ya-
ngu uye nekutonga kwangu
kuchengetedzwe, kuti ive tsve-
ne chaizvo, tarisai, zvirokwazvo
ndinoti kwamuri, haingave nyi-
ka yeZioni kwamuri.

7 Uye izvi zvichave mufana-
nidzo “kuhoko dzose dzeZioni.
Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

119 1a D&Z 42:33-34, 55;
51:13; 82:17-19.
2a D&Z 115:8.

3a D&Z 64:23;
Mara. 3:8-12.
NKM Chegumi.

5a D&Z 57:2-3.
6a NKM Zioni.
7a NKM Hoko.

CHIKAMU 120

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paFar West, Missouri, 8 Chikunguru 1838, zvichizivisa mashandisirwo yemidziyo yakange yapihwa sechegumi sekutaura kwazvakaitwa mu-zvakazarurwa zvichangotaurwa nezvazvo muchikamu 119 (History of the Church, 3:44).

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe, nguva yasvika zvino, kuti “zvichatengeswa nedare, rine Hutungamiri Hwekutanga hweChechi yangu, uye nerabhi-

shopi nedare rake, uye nedare rangu repamusoro; uye nezwi rangu kwavari, vanodaro Ishe. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

CHIKAMU 121

Munamato nehuporofita hwakanyorwa naJoseph Smith Muporofita paakange ari musungwa mujeri repaLiberty, Missouri, zvine zuva20 Kurume 1839 (History of the Church, 3:289–300). Muporofita nevafambidzani vakawanda vakanga vagara mutirongo kwemwedzi yakati kuti. Matsamba avo nokuchema kwavo kuvakuru-vakuru uye nokuvatongi zvakata-dza kuvaita kuti vasunungurwe.

1–6, Muporofita anochema kuna Ishe pamusoro pekutambudzika kweVatendi; 7–10, Ishe vanotaura runyararo kwaari; 11–17, Vakatu-kwa avo vose vanodaidzira nhema nokutadza pamusoro pevanhu va-Ishe; 18–25, Havawane kodzero kuhupirisita uye vachatongwa; 26–32, Zvakazarurwa zvinoshamisisa zvakavimbiswa avo vachashingirira vasina kutya; 33–40, Sei vazhinji vachidaidzwa uye vashoma vachisarudzwa; 41–46, Hupirisita hunofanira kushandiswa chete mukururama.

MWARI, muri kupi? Iripi mtende yekufukidza panzvimo penyu “pekuhwanda?

2 Ruoko rwenyu rwuchamira “kusvika riini, neziso renyu, hongu ziso renyu rakachena, muchaona kubva kumatenga okusingaperi kutadzirwa kwevanhu venyu nokwevaranda venyu, uye nzeve yenyu igopin-dwa nekuchema kwavo?

3 Hongu, Ishe vachabvumira “kusvika riini kutadza uku nokudzvinyirira kusiri pamutemo, mwoyo wenyu usati wapfava kwavari, uye ura hwenyu hugo fambiswa netsitsi kwavari?

4 Ishe Mwari “Samasimba, musiki vedenga, nyika nema-kungwa, nezvovose zviri mazviri, munodzora nokuisa dhiabhorosi pasi penyu, nenzvi-

120 1a NEMAMWE MAZWI
chegumi.

121 1a Mpi. 13:1–2;

102:1–2.

2a Hab. 1:2.

3a D&Z 109:49.

4a NKM Samasimba.

mbo yerima inonzi Sheol—tambanudzai ruoko rwenyu; regai ziso renyu ribaye; itai kuti chituko chenyu chisumudzwe; itai kuti nzvimbo yenyu ^byekuhwanda isafukidzwe; itai kuti nzeve yenyu irerekere; itai kuti mwoyo wenyu upfaviswe uye hura hwenyu hufambiswe pamusana pedu.

5 Regai hasha dzenyu dzitungidzirwe vavengi vedu; uye mukushatirwa kwemwoyo wenyu, nemunondo wenyu ^amutitsividzire zvatakatadzirwa.

6 Rangarirai vatendi venyu vari kutambudzwa, Mwari vedu; uye varanda venyu vachafara muzita renyu nariini.

7 Mwanakomana wangu, runyararo ngaruve kumweya wako; ^amatambudziko ako nemarwadzo ako zvichave kwechinguva chidiki;

8 Uye zvino, kana ^aukashingaira mazviri zvakanaka, Mwari vachakusimudzira pamusoro; iwe uchakunda vose vavengi vako.

9 ^aShamwari dzako dzinomira newe, uye vachakukwazisa zvakare nemwoyo yerudo nemaoko ehushamwari.

10 Iwe hausati waita ^asaJobo; shamwari dzako hadzinetsane newe, kana kukupomera mhosva yekutadza, sezvavakaita Jobo.

11 Uye avo vanokupomera kutadza, zvavanofungira zvi-

chaparadzwa, nezvavanotarisi-
ra zvichanyangadika sezvinoita
^achando chiri kupiswa nezuva
ririkubuda;

12 Uye nokutiwo Mwari vaisa ruoko rwako nechisimbiso kuti vashandure ^anguva nemwaka, nokupofomadza pfungwa dzavo, kuti vasanzwisise kushanda kwavo kunoshamisa kuti vagoayedzavo nokuvabata muhunyengedzi hwavo;

13 Nokutiwo mwoyo yavo yakaora, uye zvinhu zvavanoda kuti vazviunze kune vamwe, uye vachida kuti vamwe vatambudzike, zvingangouya ^akwavari zvakazarisisa chaizvo;

14 Kuti vagogumburwawo, uye nezvavanenge vakatarisira zvigoparadzwa;

15 Uye hakuna makore mazhinji kubva zvino, kuti ivo nezvizvarwa zvavo vatsvairwe kubva pasi pedenga, vanodaro Mwari, kuti hakuna kana mumwechete wavo anosara akamira nemadziro.

16 Kutukwa kune avo vose vanopikisana ^anevakazodzwa vangu, vanodaro Ishe, uye vachidaidzira kuti ^bvatadza ivo vasina kutadza pamberi pangu, vanodaro Ishe, asi vakaita icho chakanaka kumaziso angu, uye chiri chandakaraira kwavari.

17 Asi avo vanodaidzira kutadza vanozviita nokuti ndivo varanda vechitadzo, uye ^avana vekusateerera ivo pachavo.

4b D&Z 123:6.

5a Ruka 18:7–8.

7a NKM Matambudziko.

8a I Pet. 2:19–23.

NKM Tsungirira.

9a D&Z 122:3.

10a NKM Jobo.

11a Eks. 16:14.

12a Dan. 2:21.

13a Zir. 28:10; 1 Ni. 14:3.

16a I Sam. 26:9;

Mpi. 105:15.

b 2 Ni. 15:20;

Moro. 7:14, 18.

17a VaE. 5:6.

18 Uye avo vanopika vachinyepa pamusoro pevaranda vangu, kuti vavaunze muhusungwa nemurufu—

19 Nhamo kwavari; nokuti “vatadzira vadiki vangu vachabviswa ^bmuzvisungo zvemba vangu.

20 “Tswanda yavo haizozara, dzimba dzavo nematura avo zvichaparara, uye ivo pachavo vachashorwa neavo vaivarumbidza zvekuvafadza.

21 Havachazova nekodzero “kuhupirisita, kana vana vavo mushure mavo, kubva kuchizvarwa kusvika kuchizvarwa.

22 Zvaive “nani kwavari kuti dai guyo rakakochekerwa mumitsipa yavo, uye vakanyura muhudzamu hwegungwa.

23 Nhamo kune avo vose vanotadzisa kugadzikana kewanhu vangu, vanovatamisa, vanovaponda uye nokupupura pamusoro pavo, vanodaro Ishe veHondo; “chizvarwa chenyo-ka hachizopunyuka kutongwa kwegehena.

24 Tarisai, maziso angu “anoona nokuziva mabasa avo ose, uye ndakachengeta ^bkutongwa kunokurumbidza panguva yacho, kwavari vose;

25 Nokuti kune “nguva yakadomerwa wose munhu, maere-

rano nezvichange zvakaite ^bmabasa ake.

26 Mwari vachapa kwamuri “ruzivo kuburikidza neMweya ^bMutsvene wavo, hongu, kuburikidza “nechipo chisingataurike cheMweya Mutsvene, chisina kumbenge chakaraticidzwa kubvira nyika payakavepo kusvika zvino;

27 Ichu chakamirirwa nemandzitateguru edu, vachitarisira nokushushikana kuti chiraticidzwe munguva dzekupedzisira, idzo dzakanongedzerwa pfungwa dzavo nengirozi, zvichinzi zvakachengeterwa kubwinya kwavo kuzere;

28 Nguva ichauya iyo “isina chinovanzwa, kana dai paina Mwari mumwechete kana ^bvamwari vakawanda, zvichabuda pachena.

29 Zvose zvigaro nehutongi, nyika dzinotongwa nevana vamambo, uye nemasimba, “zvicharatidzwa uye zvigotsanangurwa kune avo vose vakashingirira pasina kutya pavhangeri raJesu Kristu.

30 Uyewo, kana paine “miganhu yakamiswa kumatenga kana kumakungwa, kana kunyika hukutu, kana kuzuva, mwedzi, kana nyenyedzi—

31 Nguva dzose dzekutendere-

19a Mat. 18:6.

NKM Tadzira.

^b NKM Zvisungo.

20a Deut. 28:15–20.

21a NKM Hupirisita.

22a Mat. 18:6; D&Z 54:5.

23a Mat. 12:34.

24a NKM Saruzivo.

^b Hir. 8:25.

NKM Kutonga.

25a Jobo 7:1; D&Z 122:9.

^b NKM Mabasa.

26a Dan. 2:20–22;

Mis. yeCh. 1:9.

NKM Zvakazarurwa.

^b D&Z 8:2–3.

^c NKM Chipochemweya Mutsvene.

28a D&Z 42:61;

76:7–8; 98:12.

^b Mpi. 82:1, 6;

Joh. 10:34–36;

I VaKori. 8:5–6;

D&Z 76:58; 132:20;

Abr. 4:1; 5:1–2.

29a D&Z 101:32.

30a Jobo 26:7–14;

Mpi. 104:5–9;

Mabasa 17:26.

ra kwazvo, mumazuva ose akadomwa, nemwedzi, nemakore, uye ose mazuva emazuva azvo, mwedzi, makore, uye nokubwinya kwazvo kwose, nemitemo, uye nenguva dzakatarwa, zvi-charatidzwa mumazuva “emukuwo wekuzara kwenguva —

32 Maererano neicho chakamiswa pakati “peDare ^braMwari Vokusingaperi wevamwari vamwe vose nyika ino isati yavepo, chakafanira kuchengeterwa kunatsira uye nekupera kwacho, apo wose munhu achapinda “pamberi pake pokusingaperi uye ^amuzororo rake rekusafa.

33 Mvura inoerera icharamba isina kuchena kusvika riini? Isimba ripi ringadzivirire matenga? Zvingaite semunhu anoisa kaoko kake kasina simba kudzivirira rwizi rweMissouri kuti rwusaerere nenzira yarwo yakatemwa, kana kurwuita kuti rwudzokere shure, kuda kurambidza Samasimba kuti adire “ruzivo kubva kudenga, pamisoro yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.

34 Tarisai, kune vazhinji “vanodaidzwa, asi vashoma ^bvanosarudzwa. Uye sei vasingasarudzwe?

35 Nokuti mwoyo yavo yakatarisa zvakanyanya pazvinhu

“zvenyika ino, uye vachivavari-
ra ^bkukudzwa navanhu zvekuti havadzidze chidzidzo chimwechete ichi —

36 Kuti “kodzero dzehupirisita dzakabatana zvisingapatsanurwe ^bnemasimba edenga, uye kuti masimba edenga haangagone kushandiswa kana kubatwa kunze chete kwezviri maererano nemitemo “yeururami.

37 Kuti dzinogona kupihwa patiri, ichokwadi; asi kana tave kuita “zvekuvanza ^bzvitatdzo zvedu, kana kugutsa “kuzvida kwedu, zvatinoda zvisina maturo, kana kuda kubata kana kutonga kana kumanikidza pamweya yevana vevanhu, mukusarurama kupi zvako, tarisai, matenga ^aanosuduruka; Mweya waIshe unosuwiswa; uye kana wabviswa, Ameni kuhupirisita kana kumvumo yemunhu iyeyo.

38 Tairasi, asati aziva, anosiiwa ari ega pachake, kuti “arwisane neminzwa, ^bnokunetsa vatendi, uye nokurwisana naMwari.

39 Tadzidza nezvatawona zvinosuwisa kuti “magariro noku-ita tingangoti kwevanhu vose, vakangowana kasimba kadikidiki chete, sekufunga kwavo, vanobva vatanga ipapo kuita nokutonga zvisina kururama.

31a NKM Mukuwo.

32a NKM Dare rekuDenga.

^b Deut. 10:17.

^c NKM Munhu—
Munhu, Mwana
weMweya waBaba
veKudenga.

^d NKM Zororo.

33a D&Z 128:19.

NKM Ruzivo.

34a Mat. 20:16; 22:1–14;

D&Z 95:5–6.

NKM Akadaidzwa
naMwari.

^b NKM Akasarudza,
Akasarudzwa.

35a NKM Zvemunyika.

^b Mat. 6:2; 2 Ni. 26:29.

36a NKM Hupirisita;

Mvumo.

^b NKM Simba.

^c NKM Akarurama.

37a Zir. 28:13.

^b NKM Chitadzo.

^c NKM Kudada.

^d D&Z 1:33.

38a Mabasa 9:5.

^b NKM Kupfuisa.

39a NKM Munhu

weNyama.

40 Saka kunodaidzwa vazhiji, asi vashoma ndivo vanosarudzwa.

41 Hakuna simba kana hurudziro ingaitwe kana kuchengezedzwa nekuda kwehupirisita kunze “kwekunyengerera, ^bmwoyo murefu, nehunyoro nekuzvininipisa nerudo rusina kunyengedza;

42 Nemwoyochena, neruzivo rwakachena, urwo rwuchakudza mweya zvikuru pasina “kunyepera, uye pasina ^bkunyengedza—

43 “Muchitsiura pakarepo zvakasimba, kana mafemerwa neMweya Mutsvene; uye muchizoratidza mushure mezvo ^brudo rwakawedzerwa kune uyo wamatsiura, potse angazokutorai semuvengi wake;

44 Kuti agoziva kuti kutende-

ka kwenyu kwakasimba kupfuura tambo dzerufu.

45 Regai hura hwenyu huzare nerudo rwakadzama kuvanhu vose, nekuimba yerutendo, uye murege “hunhu hushongedze ^bpfungwa dzenyu zvisingapere; zvino ruvimbo rwenyu ruwachasimba pamberi paMwari; uye dzidziso yehupirisita ichawira pamweya yenyu ‘sedova rinobva kudenga.

46 Mweya “Mutsvene uchave mumwe wako nguva dzose, uye tsvimbo yako yekutonga ichave tsvimbo yekutonga isingapinduke yekururama nechokwadi; uye ^bumambo hwako huchave umambo husingaperi, uye pasina zvekumanikidzwa, huchauya kwauri kusvika nariini nariini.

CHIKAMU 122

Izwi raIshe kuna Joseph Smith Muporofita, paakange ari musungwa mujeri repaLiberty, Missouri, Kurume 1839 (History of the Church, 3:300–301).

1–4, *Mativi ose enyika achabvunza nezvezita raJoseph Smith*; 5–7, *Njodzi dzose dzake nekutambudzika kwose kuchamupa ruzivo uye kuchave chinhu chakanaka kwauri*; 8–9, *Mwanakomana wemunhu akadzika pasi pazvo zvoze.*

MATIVI epasi achabvunza ^anezvezita rako, uye ma-

fuza achakuseka, uye gehena richakurwisa;

2 Apo vakachena mumwoyo, uye nevakangwara, nevaporemekedzwa, nevakanaka, vachatsvaka “kurairwa, nemvumo, nemaropafadzo nguva dzose kubva pasi peruoko rwako.

3 Uye vanhu vako havafe

41a I Pet. 5:1–3.

b II VaKori. 6:4–6.

42a Jkb. 3:17.

b NKM Kunyenge.

43a NKM Kuranga.

b NKM Rudo

Rwakadzama; Rudo.

45a NKM Hunhu

Wakanaka.

b NKM Kufunga.

c Deut. 32:1–2;

D&Z 128:19.

46a NKM Mweya

Mutsvene.

b Dan. 7:13–14.

122 1a Nh—JS 1:33.

2a NKM Rairo.

vakakupandukira pamusana peuchapupu hwevatengesi.

4 Uye kana zvazvo mabasa avo achakupinza mumatambudziko mumajeri uchakudzwa; inguva pfupi asi ^akechinguva chakati izwi rako richatyisa pakati pevavengi vako kupfuura ^bshumba inotyisa, pamusana pekururama kwako; uye Mwari vako achamira newe nariini nariini.

5 Kana zvichidiwa kuti upfure nemumatambudziko, kana uri munjodzi pakati pavanonyepera kuve hama; kana uri munjodzi pakati pemakororo; kana uri munjodzi munyika kana mugungwa;

6 Kana uchipihwa mhosva yose yekukupomera nhema; kana vavengi vako vakakurwisa; kana vakakutora kubva mumhuri yababa naamai vako nekuvakoma nehanzvadzi dzako; uye kana nemunondo vavengi vako vakakutora pachipfuva chemudzimai wako, uye nechevana vako, uye mwana-komana wako mukuru, kana dai ari ane makore matanhatu ekuberekwa achabatirira panhumbi dzako, uye achati, Baba vangu, Baba vangu, sei musingagone kugara nesu? Baba vangu, varume ava vachaitei

nemi? Uye kana akabviswa pauri nemunondo uye iwe wozvuzvurudzwa kuenda kutiro-ngo, uye vavengi vako vachatenderera pauri ^asemhumhi dzakamirira ropa regwayana;

7 Uye kana ukakandwa mugomba kana mumaoko emhondi, kana ukatongerwa rufu; kana ukakandwa ^amakadzika kana masaisai anoshinyira akakurongera kurwisana newe; kana mhepo dzinotyisa dzikave mhandu dzako; kana matenga akaunganidza kusviba, uye zvi-umbiswa zvikabatana kusosa; pamusoro pazvo zvose, kana dai shaya chaidzo ^bdzegehena dzikashama muromo kutsvaka iwe, ziva mwanangu, kuti zvose zvinhu izvi zvichakupa ^czivo, uye zvakanaka kwauri.

8 ^aMwanakomana weMunhu ^bvakadzika pasi pazvo zvose. Uri mukuru kupfuura iye here?

9 Nokudaro, ramba wakabatirira munzira yako, uye hupirisita ^ahucharamba huinewe; nokuti ^bmiganhu yavo yakaiswa, havakwanise kupfuura. ^cMazuva ako anozivikanwa, uye makore ako, haazoitwe mashoma; nokudaro, ^dusatye zvingaitwe nemunhu, nokuti Mwari vachazove newe nariini nariini.

4a D&Z 121:7-8.

b 3 Ni. 20:16-21; 21:12.

6a Ruka 10:3.

7a Jona 2:3-6.

b II Sam. 22:5-7;

Nh—JS 1:15-16.

c II VaKori. 4:17;

VaH. 12:10-11;

2 Ni. 2:11.

8a NKM Mwanakomana weMunhu.

b VaH. 2:9, 17-18;

D&Z 76:107; 88:6.

9a D&Z 90:3.

b Mabasa. 17:26.

c D&Z 121:25.

d Neh. 4:14;

Mpi. 56:4; 118:6;

Zir. 3:5-6;

Isa. 51:7;

Ruka 12:4-5;

2 Ni. 8:7;

D&Z 3:7; 98:14.

CHIKAMU 123

Basa reVatendi pamusoro pevanovanetsa sekutsanangurwa kwazvakaitwa naJoseph Smith Muporofita, ari musungwa mujeri paLiberty, Missouri, Kurume 1839, (History of the Church, 3:302-303).

1-6, *Vatendi vanofanira kuunganidza uye vagoshambadza nhoroono yekutambudzika kwavo neku-shungurudzwa kwavo; 7-10, Iwoyo mweya mumwechetewo wakamisa zvitendero zvekunyepa unokonzera zvakare kushungurudzwa kwevatendi; 11-17, Vazhinji mukati mezvikiwata zvose vachagashira chokwadi.*

UYE zvakare, tinokurudzira kuti mumbofunga kuti vatendi vose vaunganidze ruzivo rwezvechokwadi nokutambudzika nokutukwa kwakaiswa pavari nevanhu veDunhu rino;

2 Uye zvakare nemidziyo zvose nekukura kwekukuvadza kwavakaitwa, zvose zvekukuvadza hunhu nezvekukuvadza chaiko, nezvinhu chaizvo;

3 Uye zvakare nemazita evanhu vose avo vakabatsira mukudzvinyirirwa kwavo, avo vose vavanokwanisa kuwana nokuvanongedzera.

4 Uye zvimwe kungasarudzwe dare rekutsvaga zvinhu izvi, uye nokutora mazwi nemagwaro eruvimbiso; nokuunganidza magwaro ane nhema akashambadzwa ayo ari muvanhu;

5 Uye neose ari mumapepanhau, nemumabhuku eruzivo, uye nenhoroono dzose dzine nhema dzakashambadzwa, neavo vakadzinyora, uye muisse

zvose zveunhubu hwadhiabhorosi nokuipa nehumhondi uhwo hwakaitwa pavanhu ava—

6 Kuti tisangozvishambadza kupasi rose chete, asi kuti tizivise kuvakuru vehurumende mukusviba kwazvo kwose nemavara azvo egehena, sechinhu chekupedzisira chatakanzi naBaba vedu Vekudenga tiedze, tisati takwanisa kugashira zvakakwana uye zvizere icho chivimbiso chichavadaidza kuti vachibuda kubva panzvimbo yavo “yekuhwanda, uye nokuti rudzi rwose rwuwanikwe rwusina chekutura vasati vatumira simba guru reruoko rwavo.

7 Ibasa ratinosungirwa kuitira kuna Mwari, kungirozi, idzo dzatichaita kunzi timire nadzo pamwechete, nekwatiri pachedu, kuvakadzi nevana vedu, avo vakaitwa kuti vakotame pamusana pekuchema, kusawa, nehanya, pasi peruoko rwakawomesesa rwekuponda, hudzvinyiriri, nokubatwa zvakaipa, vachitsigirwa nokukuridzirwa nokusimudzirwa nokuita kwemweya uya uyo wakasimbisa zvikuru zvitendero zvemadzibaba, avo vakagara nhaka yekureva nhema, vachiisa mumwoyo yevana, uye zvange zvichizadza nyika nekukangaidzika, uye “zvange zvichiramba zvichisimba, uye

zvino zvave ndiwo musimbotti weuori hwose, uye pasi rose ririkugomera nokuremerwa nezvitema zvawo.

8 “Ijoko resimbi, ibhande rakasimba; ndidzo chaidzo simbi dzemumaoko, nesimbi dzemumakumbo, misungo yegehena.

9 Ibasa ratinosungirwa kuita, kwete chete kuvakadzi vedu nevana vedu pachedu, asi kune chirikadzi nevasina ana baba, avo vane varume naanababa “vakapondwa pasi peruoko rwayo rwesimbi;

10 Kuita uku kwerima kunosvibisa zvekuti kana gehena pacharo rinotyaka nako, uye rinomira nokutya nokushamiswa, uye maoko adhiabhorosi chaiye agodedera nokubvunda.

11 Uye zvakare ibasa ratinosungirwa kuitira zvose zvizvarwa zviri kukura nekune vose vakachena mumwoyo—

12 Nokuti kuchine vazhinji vari munyika mukati memapoka ose, zvikwata, nedzisvondo, “vakapofomadzwa nekunyengedza kwakavanda kwevanhu, kwavanohwanda nako vakami-

rira kunyengedza, uye vanoshaiswa chokwadi chete nekuti ^bhavazive kwekuchiwana—

13 Kuti tiparadze nokupedza upenyu hwedu mukuunza muchiedza zvose zvinhu “zvakanvandika zverima, semaziviro atinozviita; uye zvakaratiidzwa chokwadi kubva kudenga—

14 Izvi zvinofanira kuitwa nokuzvipira kukuru.

15 Hapana munhu akafanira kuzvitora sezvinhu zvidiki nokuti kune zvizhinji zviri munguva ichauya zviri maererano nevatendi, zvinotarisirwa kuzvinhu izvi.

16 Munoziva hama kuti ngarava huru kwazvo “inoyamurwa nechityairiso chengarara chidiki-diki munguva dzedutu, nokunangiswa kumhepo nemasaisai.

17 Naizvozvo, hama dzinodiwa zvikuru, ngatiite zvose zvinhu “takafara izvo zviri musimba redu; uye kana tadaro tozomira, tiine chokwadi chizere, chokuona ^bruponeso rwaMwari, uye kuti ruoko rwavo rwugoratiidzwa.

CHIKAMU 124

Zvakazarurwa zvakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, paNauvoo, Illinois, 19 Ndira 1841 (History of the Church, 4:274–286). Pamusana pekushungurudzwa kwavekuwanda nehurongwa huri kunze kwemutemo huri kuitwa nevabati vemahofisi, Vatendi vakamanikidzwa kuti vabve kuMissouri. Gwaro rekuti vaparadzwe rakaitwa naLilburn W. Boggs, gavhuna weMissouri, rakanyorwa musi wa27 Gumiguru 1838, rakavasiya vasisina chimwe chekuita kunze kwekubva (History of the Church,

8a NKM Joki.
9a D&Z 98:13; 124:54.
12a VaKoro. 2:8;
D&Z 76:75.

b 1 Ni. 8:21–23.
13a I VaKori. 4:5.
16a Jkb. 3:4;
Aruma 37:6–7;

D&Z 64:33.
17a D&Z 59:15.
b Eks. 14:13.

3:175). Muna 1841, apo pakapihwa chakazarurwa chino, guta reNauvoo, riri pakange paine musha weCommerce, Illinois, rakanga ravakwa nevatendi, uye ipapa ndipo pakanga pamiswa muzinda weChechi.

1-14, Joseph Smith anorairwa kuti aite chirevo chakakosha chevhangeri kumutungamiri wenyika yeUnited States of America, kumagavhuna, nevatongi vemarudzi ose; 15-21, Hyrum Smith, David W. Patten, Joseph Smith, Baba, nevamwe pakati pevapenyu nevakafa vanoropafadzwa pamusana pekuzvibata kwavo nokunaka kwavo; 22-28, Vatendi vanorairwa kuti vavake imba yevayeni netemberi muNauvoo; 29-36, Kubhabhatidzwa kwevakafa kunoitirwa mumatemberi; 37-44, Vanhu vaIshe nguva dzose vanovaka matemberi kuti muitirwe zvisungo zvitsvene; 45-55, Vatendi vanonzi havana mhosva kana vakasavaka temberi muRuwa rweJackson pamusana pekudzvinyirirwa nevavengi vavo; 56-83, Vanopihwa zvekuita kuti vavake Imba yeNauvoo; 84-96, Hyrum Smith anodaidzwa kuti ave patiriyaki, kuti atambire makiyi acho, uye kuti amire munzvimbo yaOliver Cowdery; 97-122, William Law nevamwe vanoraiwa mumabasa avo; 123-145, Vakuru vechechi yose nevakuru vemakungano vanotaurwa, pamwechete nemabasa avo nezvikwata zvaavari.

ZVIROKWAZVO vanodaro Ishe kwauri, muranda wangu Joseph Smith, ndinofadzwa chaizvo nemipiro nekutenda kwako, iko kwawaita; nokuti

nechinangwa ichocho ndakakumutsa, kuti ndiratidze unguwaru hwangu kuburikidza nemuzvihu zvepasi “zvisina simba.

2 Minamoto yako inobvumwa pamberi pangu, uye mukuipi ndura ndinoti kwauri, uri kudaidzwa izvozvi uite chirevo chakakosha pamusoro pevvhangeri rangu, “nehoko ino yandadzika kuti rive dombo remhandiko neZioni, uye richakwenenzverwa nokutsveneswa uko kwakafanana nemuzinda wamambo.

3 Chirevo ichi, chichaitwa “kumadzimambo ose epasi, kumativi mana enyika, kune anokudzwa mutungamiri ari kuzogadzwa, nemagavhuna anoremekedzwa erudzi rwamugere marwuri, nekumarudzi ose epasi akapararira kwose kwose.

4 Ngachinyorwe mumweya une “hunyororo nesimba reMweya Mutsvene, iro richave mauri panguva yekunyorwa kwacho;

5 Nokuti zvichapihwa kwauri nemweya Mutsvene kuti uzive chido changu pamusoro pemadzimambo acho nevamwe vatongi, kunyangwe izvo zvichavawira munguva ichauya.

6 Nokuti, tarisai ndave pedyo nokuti ndivadaidze kuti vateerere kuchiedza nokubwinya kweZioni, nokuti nguva yakatarwa yasvika yokuitira zvakana.

7 Daidzirai imi, nokudaro, kwavari nezwi guru, neuchapupu hwenyu, musingavatye, nokuti vakaita ^asehuswa, uye nokubwinya kwavo kose sekweruva racho iro risingatane kudonha, kuti naiwowo vasare vasina chikonzero —

8 Uye kuti ndigovashanyira muzuva rekutongwa, apo pandichafugura kumeso kwangu, kuti ndigopa mudzvinyiriri nzvimbo pakati pevanyengedzi, apo pane ^akugeda-geda kwemeno, kana vakaramba varanda vangu neuchapupu hwangu uhwo hwandakaraidza kwavari.

9 Uye zvakare, ndichavashanyira ndigopfavisa mwoyo yavo, vazhinji vavo kuitira iwe, kuti ugowana nyasha mumaziso avo, kuti vagouya ^akuchiedza chechokwadi, uye maJentairi vagosimudzira kana kukwidziridza Zioni.

10 Nokuti zuva rekutonga kwangu rinouya nokukurumidza, ^amunguva yamusingafungire; kudzivirirwa kwevanhu vangu kuchavepi, uye nepekuhwanda kweavo vachasara vavo?

11 Mukai, madzimambo epasi! Uyai imi, uyayi imi, negoridhe nesirivha yenyu, kuruyamuro rwevanhu vangu, kumba yevanasikana veZioni.

12 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwauri, rega muranda wangu Robert B. Thompson

akuyamure kunyora chirevo ichi, nokuti ini ndinofadzwa naye, uye nokuti ave newe;

13 Nokudaro, ngaateerere kuraira kwako, uye ini ndichamuropafadza nemaropafadzo akawanda; ngaave akatendeka nokuve nechokwadi muzvinhu zvose kubvira zvino, uye achave mukuru mumaziso angu;

14 Asi ngaarangarire kuti ^ahutariri hwake ndinohuda kubva kwaari.

15 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwauri, akaropafadzwa muranda wangu ^aHyrum Smith; nokuti ini Ishe ndinomuda pamusana ^bpekuvimbika kwe-mwoyo wake, uye nokuti anoda icho chakanaka pamberi pangu, vanodaro Ishe.

16 Zvakare, regai muranda wangu John C. Bennett akuyamure mukushanda kwako mukutumira izwi rangu kumadzimambo nevanhu vepasi, uye agomira newe, kunyangwe iwe muranda wangu Joseph Smith, munguva yekutambudzwa; uye mubairo wake hauzotadza kana akagashira ^akurairwa.

17 Uye pamusana perudo rwake achave mukuru, nokuti achave wangu kana akaita izvi vanodaro Ishe. Ndakaona basa raakaita, iro randinogashira kana akaramba achiriita, uye ndichamupfekedza korona yemaropafadzo nokubwinya kukuru.

7a Mpi. 103:15-16;

Isa. 40:6-8;

I Pet. 1:24-25.

8a Mat. 8:12;

Aruma 40:13;

D&Z 101:91; 112:24.

9a Isa. 60:1-4.

NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

10a Mat. 24:44;

JS—Mat. 1:48.

14a NKM Mutariri.

15a NKM Smith, Hyrum.

^b NKM Kutendeka.

16a NKM Rairo.

18 Uye zvakare, ndinoti kwauri chido changu kuti muranda wangu Lyman Wight arambe achiparidza kuZioni, mumweya wekuzvirereka, achindipupura pamberi penyika; uye ini ndichamutakura sepamapapiro “egondo; uye achabereka kubwinya norukudzo kwaari iye uye nokuzita rangu.

19 Kuti kana paachapedza basa rake, ndingazomutambira kwandiri, kunyangwe zvandakaita muranda wangu “David Patten, uyo aneni panguva ino, uyewo nemuranda wangu ^bEdward Partridge, uye nemuranda wangu akwegura “Joseph Smith, Baba, uyo agere “naAbraham kuruoko rwake rwerudyi, uye akaropafadzwa uye ari mutsvene, nokuti ndewangu.

20 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwauri, muranda wangu George Miller haana “hunyengedzi; anovimbika naye pamusana pekuvimbika kwe-mwoyo wake, uye pamusana perudo rwaainarwo kuuchapupu hwangu, ini Ishe ndinomuda.

21 Naizvozvo ndinoti kwauri, ndinogadza paari chinzvimbo “chehubhishopi, sezvakaita muranda wangu Edward Partridge, kuti agogashira zvakatsaurwa zvemba yangu, kuti agopa maropafadzo pamusoro peavo varombo vevanhu vangu, vanodaro Ishe. Hapana munhu

anofanira kushora muranda wangu George, nokuti achandikudza.

22 Regai muranda wangu George, nemuranda wangu Lyman, nemuranda wangu John Snider, nevamwe, vandivakire “imba iri muzita rangu, yakaita seiyo muranda wangu Joseph achavaratidza, nepanzvimbo yekuvakira paachavaratidza zvakare.

23 Uye ichave imba yekugara, imba yekuti vayeni vanobva kure vanozogara imomo; nokudaro ngaive imba yakanaka, yakakodzera zvose zvairi, kuti uyo “mufambi aneta agowana hutano nekusatya paanenge achifunga nezvezwi raIshe; ^bnedombo remhandiko randakasarudzira Zioni.

24 Imba iyi ichave nzvimbo yekugara inehutano kana ikave inovakirwa kuzita rangu, uye kana gavhuna achadomwa akasabvumira kusvibiswa kuti kuuye pairi. Ichave tsvene, nokuti Ishe Mwari vako havangazogara mairi.

25 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, regai vate-ndi vangu vose vabve kure.

26 Uye tumirai vatumwa vanokurumidza, hongu, vatumwa vakasarudzwa, uye moti kwavari: huyai imi, negoridhe renyu rose, nesirivha yenyu, nematombo anokosha enyu, nezvose zvenyu zvekare zvinokosha;

18a Eks. 19:4; Isa. 40:31.

19a D&Z 124:130.

NKM Patten, David W.

^b NKM Partridge, Edward.

^c NKM Smith,

Joseph, Baba.

^d D&Z 137:5.

20a NKM Kunyenge.

21a D&Z 41:9.

NKM Bhishopi.

22a D&Z 124:56–60.

23a Deut. 31:12;

Mat. 25:35, 38.

^b D&Z 124:2.

neavo vose vane ruzivo nezvekare, avo vanoda kuuya, vangauye, uye vauye nemiti yemisaipurasi, nemifiri, nemupaini, pamwechete nemiti yose inokosha yepasi;

27 Uye nesimbi, nemhangura, nemusanganiswa wemhangura pamwe nezenge uye nezenge pachayo, nezvose zvinhu zvenyu zvinokosha zvepasi; uye “movaka imba muzita rangu, kuti Iyeyo wepamusoro soro ^bagogaramo.

28 Nokuti hapana imwe nzvimbo panyika kwaanguye kuti “adzorere zvakare icho chamakarasikirwa nacho, kana icho chaakakutorerai, kunyangwe kuzara kwehupirisita.

29 Nokuti hapana chidziva “chekubhabhatidzira, kuti ivo, vatendi vangu ^bvagobhabhatidzirwa avo vakafa —

30 Nokuti chisungo ndechemumba mangu, uye hachingagashirwe neni, kunze chete kwemumazuva ehurombo hwenyu, umo mamunenge musingagone kundivakira imba.

31 Asi ndinokurairai, mose vatendi vangu, kuti “muvake imba kwandiri; uye ndinokupai nguva yakakwana kuti muvake imba kwandiri; uye munguva iyi rubhabhatidzo rwenyu rwuchagashirwa kwandiri.

32 Asi tarisai, mushure menguva iyi kubhabhatidzirwa kwe-

nyu kwevakafa hakuzogashirwa neni; uye kana mukasaita zvinhu izvi pakupera kwenguva iyi mucharambwa sechechi, nevakafa venyu, vanodaro Ishe Mwari venyu.

33 Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, mushure mekunge mawana nguva yakakwana yakuvaka imba kwandiri, umo munove ndimo mekubhabhatidzira vakafa, uye iyo yakagara yakagadzirirwa zvimwechetezvo kubvira pahwaro hwenyika husati hwavepo, rubhabhatidzo rwenyu rwevakafa venyu harungabvumwe neni;

34 Nokuti mairi ndimomakaiswa “kiyi dzehupirisita hutsvene, kuti mugogashira rukudzo nokubwinya.

35 Uye mushure menguva iyi, rubhabhatidzo rwenyu rwevakafa, neavo vakapararira kure, harubvumwe neni, vanodaro Ishe.

36 Nokuti zvakaitwa kuti muZioni, nemuhoko dzayo, nemuJerusarema, idzo nzvimbo dzandakadoma “sedzekupotera, ndidzo dzichave nzvimbo dzenyu dzekubhabhatidzirwa vakafa venyu.

37 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, “kugezwa kwenyu kuchagashirwa neni sei, kunze kwekunge makuitira mumba yamunenge mavakira kwandiri?

27a D&Z 109:5.
NKM Temberi, Imba yaIshe.
b Eks. 25:8;
D&Z 97:15-17.
28a NKM Kudzorera pakare kweVhangeri.

29a D&Z 128:13.
b I VaKori. 15:29;
D&Z 127:6; 138:33.
NKM Bhabhatidza—
Rubhabhatidzo
rwevakafa; Ruponeso
rweVakafa.

31a D&Z 97:10.
34a D&Z 110:14-16.
NKM Kiyi
dzeHupirisita.
36a Isa. 4:5-6.
37a NKM Akagezwa.

38 Nokuti, pamusana pechikozero ichi ndakaraira Mosesi kuti avake ^atabernakeri, kuti vagoitakura murenje uye nokuva-^bvaka imba munyika yechipikirwa, kuti izvo zvisungo zvigoraidzwa izvo zvange zvakavigwa kubvira nyika isati yavepo.

39 Naizvozvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kuti ^akuzodzwa kwenyu, nokugezwa kwenyu, ^bnokubhabhatidzwa kwenyu kwevakafa, nemagungano enyu ^canoyera nokurangarira kwenyu ^dmipiro yenyu nevanakomana vaRevi, nezvakazarurwa zvenyu munzvimbo dzenyu dzakanyanya ^ekuvatsvene umo mamunogashira zvamunotaurirwa, nemitemo yenyu nokutongwa, kuri kutanga kwezvazarurwa nehwaro hweZioni, nokubwinya, neku-kudzwa neendawumenti kwe-nhengo dzayo dzose, dzinogadzwa nezvisungo zvemumba yangu tsvene, iyo inogara vanhu vangu vanogara vachirirwa kuti vavake kuzita rangu dzvene.

40 Uye zvirokwazvo ndinoti kwamuri, regai imba iyi ivakwe muzita rangu, kuti ndigoratidza zvisungo zvangu imomo kuvanhu vangu;

41 Nokuti ndinoona zvakafanira kuti ^andiratidze kuchechi

yangu zvinhu zvagara ^bzvaka-
vigwa kubvira hwaro hwenyika husati hwavepo, zvinhu zvirimaererano nemazuva ^cekuzara kwenguva.

42 Uye ^andicharatidza kumuranda wangu Joseph zvose zvirimaererano nembanyi, uye nehupirisita hwacho, uye nepanzvimbo paichavakirwa.

43 Uye imi muchaivaka panzvimbo yamuri kufunga kuvakira, nokuti ndiyoyandasarudza kuti imi muivakire.

44 Kana mukashanda nesimba renyu rose, ndichatsaura nzvimbo iyoyo kuti iitwe ^atsvene.

45 Uye kana vanhu vangu vakateerera kuzwi rangu, nekuzwi ^arevaranda vangu avo vandakadoma kuti vatungamire vanhu vangu, tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, havazobviswa munzvimbo yavo.

46 Asi kana vakasateerera kuizwi rangu, kana kuizwi revarume ava vandakadoma, havachazoropafadzwa, nokuti vanosvibisa nzvimbo dzangu tsvene, nezvisungo zvangu zvitsvene, nemabumbiro, uye mazwi angu matsvene ayo andinovapa.

47 Uye zvichaitika kuti kana mukavaka imba kuzita rangu, uye mogorega kuita zvinhu zvanandinotaura, handizoita ^achitsi-

38a Eks. 25:1-9; 33:7.
NKM Tabernakeri.
b NKM Temberi, Imba yaIshe.
39a Eks. 29:7.
NKM Zodza.
b NKM Zvisungo—
Zvisungo zvinoitirwa vamwe.

c D&Z 88:117.
d D&Z 13:1; 84:31;
128:24;
Nh—JS 1:69.
e Ezk. 41:4;
D&Z 45:32;
87:8; 101:22.
41a Mis. yeCh. 1:9.
b D&Z 121:26-32.

c VaE. 1:9-10;
D&Z 27:13; 112:30.
42a D&Z 95:14-17.
44a NKM Mutsvene.
45a D&Z 1:38.
NKM Muporofita.
47a NKM Chitsidzo.

dzo chandiri kuita kwamuri, kana kuzadzisa zvivimbiso zvakatarisira paruoko rwangu, vanodaro Ishe.

48 Nokuti “kunze kwemaro-pafadzo, imi nemabasa enyu, munounza kutukwa, hasha, kugumbuka, nokutongwa pamisoro yenyu, pamusana pehurema hwenyu, nezvose zvinosemema, izvo zvamunoita pamberi pangu vanodaro Ishe.

49 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana ndapa murairo kune vapi zvavo vanakomana vevanhu kuti vaite basa muzita rangu, uye ivavo vana vevanhu vakaenda nesimbavavo rose nezvavainazvo zvose kunoita basa iroro, uye vasarege “kushingaira kwavo, uye vavengi vakauya vakavarwisa vachivakanganyisa mukuita basavavo, tarisai, zvakafanira kuti ndisarambe ^bndichida basa iri kubva mumaoko evanakomana vevanhu, asi kuti ndibvume mipiro yavo.

50 Uye kuipa nokutyorwa kwemitemo yangu mitsvene nemirairo “ndichazviisa pamisoro peavo vakatadzisa basa rangu, kusvika ^bkuchizvarwa chechitatu nechechina, kana vasingatendeuke, uye vachindivenga, vanodaro Ishe Mwari.

51 Nokudaro, pamusana pezvizvi ndakabvuma mipiro yavo vandakaraira kuti vavake

guta “nemba muzita rangu, muruwa ^brweJackson, Missouri, uye vakatadziswa nevavengi vavo, vanodaro Ishe Mwari venyu.

52 Uye ndichaunza “kutongwa, hasha, kugumbuka, kuwuwura, nekurwadziwa, nekugeda-geda kwemeni pamisoro yavo, kusvika kuchizvarwa chechitatu nechechina, kana vasingatendeuke, uye vachindivenga, vanodaro Ishe Mwari venyu.

53 Uye izvi ndinozviita mufananidzo kwamuri, kukunyaredzai pamusana peavo vose vakairwa kuti vaite basa uye vakatadziswa nemaoko evavengi vavo, uye nokudzvinyirirwa, vanodaro Ishe Mwari venyu.

54 Nokuti ndini Ishe Mwari venyu, uye ndichaponesa vose avo vehama dzenyu “vakachenamumwoyo, uye vari ^bvakapondwa munyika yeMissouri, vanodaro Ishe.

55 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ndinokurairai zvakare kuti muvake “imba muzita rangu, kunyangwe nzvimbo ino, kuti ^bmugozviratidza kwandiri kuti makatendeka muzvinhu zvose zviri zvipi zvazvo zvandinokurairai, kuti ndikuropafadzei, uye nokugadzai norukudzo, kusafa, nepenyu hwokusingaperi.

56 Uye zvino ndinoti kwamuri, zviri maererano “neimba yangu

48a Deut. 28:15.

49a NKM Hushingi.

^b D&Z 56:4; 137:9.

50a Mosaya 12:1.

^b Deut. 5:9;

D&Z 98:46–47.

^c NKM Rutendeuko.

51a D&Z 115:11.

^b NKM Ruwa

rweJackson,

Missouri (USA).

52a D&Z 121:11–23.

54a NKM Chakachena.

^b D&Z 98:13; 103:27–28.

55a D&Z 127:4.

^b Abr. 3:25.

56a D&Z 124:22–24.

yevayeni iyo yandakakurairai kuti muvakire vayeni kuti vagare, ngaivakwe muzita mangu, uye zita rangu ngaritudzwe pairi, uye regai muranda wangu Joseph nempa yake vawane nzvimbo imomo, kubva kuzvizarwa nezvizvarwa.

57 Nokuti kuzodzwa uku ndakuisa pamusoro pake, kuti maropafadzo ake achiiswawo pamusoro pevana vake mushure make.

58 Uye sekutaura kwandakaita kuna "Abrahama pamusoro pemadzinza epasi, kunyangwe saizvozvo ndinoti kumuranda wangu Joseph: Mauri ^bnemubeu yako madzinza epasi acharopafadzwa.

59 Nokudaro, regai muranda wangu Joseph nembeu yake vave nenzvimbo mumba iyoyo, zvizarwa nezvizvarwa, narinhi narinhi, vanodaro, Ishe.

60 Uye regai zita remba iyoyo rinzi Imba yeNauvoo; uye ngave imba inofadza kumunhu, uye iri inozorodza mufambi aneta, kuti agofunga nezve kubwinya kweZioni, kubwinya kweiri, dombo rechitsigiro racho;

61 Kutu agogashira kurairwa kubva kune avo vandakamisa kuti vaite "sezvirimwa zvine mbiri, uye ^bsevarindi vari pazvidziro zvake.

62 Tarisai, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu George Miller, nemuranda wangu Lyman Wight, ne-

muranda wangu John Snider, nemuranda wangu Peter Haws, vazvironge pachavo, uye vago domo mumwe wavo kuti ave mutungamiri wechikwata chavo kuti vavake imba iya.

63 Uye vachumba bumbiro remitemo, iro rinoita kuti vagokwanisa kugashira pfuma yekuvakisa imba iyoyo.

64 Uye havazogashira mari iri pasi pemakumi mashanu emadhora semugove wepfuma iri mumba imomo, uye vachabvumirwa kugashira zviuru gumi nezvishanu zvemadhora kubva kunaani zvake munhu mumwechete zvepfuma iri mumba iyoyo.

65 Asi havazobvumirwa kugashira pfuma inopfuura madhora zviuru gumi nezvishanu kubva kunaani zvake munhu mumwechete.

66 Uye havazobvumirwa kuti vagashira mari iri pasi pemakumi mashanu emadhora semugove wepfuma kubva kunaani zvake ari mumba imomo.

67 Uye havazobvumirwa kugashira ani zvake munhu, semuridzi wezvinhu mumba ino, kunze kwekunge iyeyo abhadhara pfuma yake achivapa mumaoko avo paanenge atambira mugove;

68 Uye zvichienzaniswa nekuwanda kwezvinhu zvaanobhadhara mumaoko avo achagashira pfuma mumba imomo; asi kana akashaya chaanobhadhara mumaoko avo

58a Gen. 12:3; 22:18;
Abr. 2:11.
NKM Abrahama.

b D&Z 110:12.
NKM Chibvumirano
chaAbrahama.

61a Isa. 61:3; Ezk. 34:29.
b NKM Murindiri.

haazowana pfuma yaanogashira mumba imomo.

69 Kana ani zvake akabhadhara pfuma mumaoko avo ichave pfuma iri mumba iyoyo, zvake iye pachake nezve zvizvarwa zvake mushure make, kubva kuchizvarwa kusvika kuchizvarwa nechizvarwa, kana iye nevadyi venhaka yake vakabata pfuma iyoyo, uye vasingatengese kana kuisa zvinhu izvi musiri mumaoko avo nokuda kwavo, kana mukaita kuda kwangu vanodaro Ishe Mwari venyu.

70 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kana mura-nda wangu George Miller, nemuranda wangu Lyman Wight, nemuranda wangu John Snider, nemuranda wangu Peter Haws, vakagashira pfuma ipi zvayo mumaoko avo, iri mari, kana midziyo umo mavanotambira kukosha chaiko kwemari, havafanire kushandisa imwe yemari iyoyo pane rimwe basa asi chete mumba imomo.

71 Uye kana vakashandisa imwe yemari iyoyo mune chimwe chepfuma, kunze kwemumba imomo, vasina mvumo yemubati wepfuma, uye vaka-sabhadhara zvakapetwa kana pfuma yavanenge vashandisa kumwe, kunze kwemumba imomo, vachatukwa, uye vachabviswa munzvimbo mavo vanodaro Ishe Mwari; nokuti Ini Ishe ndini Mwari uye handigone ^akusekwa mune chimwe che-zvinhu izvi.

72 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu Joseph abhadhare pfuma mumaoko avo yekuvaka imba iya, sekuona kwaanoita; asi mura-nda wangu Joseph haagone kubhadhara mari inopfuura zvi-uru gumi nezvishanu yepfu-^ama, kana iri pasi pemakumi mashanu emadhara; hapana mumwe munhu anozvibvumi-rwa, vanodaro Ishe.

73 Uye kune vamwewo vano-da kuziva chido changu pamu-^aso-oro pavo, nokuti vakazviku-^ambira kwandiri.

74 Nokudaro, ndinoti kwamuri nezvemuranda wangu Vinson Knight, kana achiita kuda kwa-^angu regai aise pfuma mumba iyoyo kuitira iye pachake, uye achiitira chizvara chake mushu-^are make, kubva kuzvizvarwa nezvizvarwa.

75 Uye regai asimudze izwi rake kwenguva refu uye achida-^aidzira pakati pevanhu, ^aachiche-^amera dambudziko revarombo nevanoshaya; uye ngaarege ku-^akundikana, kana mwoyo wake ngaurege kuneta; uye ^bndicha-^abvuma mipiro yake, nokuti haizove kwandiri semipiro ya-^aKaini, nokuti achave wangu, vanodaro Ishe.

76 Regai mhuri yake ifare uye ibvise mwoyo yayo kune zvi-^anotambudza; nokuti ndamusa-^arudza uye ndikamuzodza, uye acharemekedzwa pakati pemba yake, nokuti ndicharegerera zvivi zvake zvole, vanodaro Ishe. Amenii.

71a VaG. 6:7.
75a Zir. 31:9.

^b Gen. 4:4-5;
Mos. 5:18-28.

77 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu Hyrum aise pfuma mumba iyoyo sezvaanoona zvakanaka kwaari, azviise iye pachake nechizvarwa chake shure kwake, kubva kuchizvarwa kusvika kune chimwe chizvarwa.

78 Regai muranda wangu Isaac Galland aise pfuma mumba iyoyo; nokuti ini Ishe, ndinomuda pamusana pebasa raakaita, uye ndicharegerera zvitema zvake zvoise; nokudaro, ngaarangerirwe nokuvandudzirwa mumba iyoyo chizvarwa nechizvarwa.

79 Regai muranda wangu Isaac Galland asarudzwe pakati penyuru, uye agadzwe nemuranda wangu William Marks, uye agoropafadzwa naye, kuti aende nemuranda wangu Hyrum kuti vanoita basa iro muranda wangu Joseph achavaratidza, uye ivo vacharopafadzwa zvikuuru.

80 Regai muranda wangu William Marks abhadhare pfuma kumba iyoyo, zviri zvaanoona zvakanaka kwaari, kuzviitira iye pachake uye nechizvarwa chake, kubva kuchizvarwa kusvika kuchizvarwa.

81 Regai muranda wangu Henry G. Sherwood abhadhare pfuma mumba iyoyo, zviri zvaanoona zvakanaka kwaari, kuzviitira iye pachake nembeu yake mushure make, kubva kuchizvarwa kusvika kune chimwe chizvarwa.

82 Regai muranda wangu

William Law abhadhare pfuma mumba iyoyo, kuzviitira iye pachake nembeu yake mushure make, kubva kuchizvarwa kusvika kune chimwe chizvarwa.

83 Kana achiita kuda kwangu ngaarege kutora mhuri yake kuenda kunyika dzekumabvazuva, kunyangwe kuKirtland; zvisinei, ini Ishe ndichavaka Kirtland, asi ini Ishe, ndineshamhu yakagadzirirwa vagari vemo.

84 Uye pamuranda wangu Almon Babbitt, pane zvinhu zvizhinji zvisingandifadze; tarisai, anoda kwazvo kuita zvaanofunga iye kunze kwezve-uyo andakagadza, kunyangwe izvo zveHutungamiri hweChichi yangu, uye anomisa mhuru “yegoridhe kuti vanhu vangu vainamate.

85 Musarege munhu “achibva panzvimbo ino ariauya pano achiyedza kuchengeta mirairo yangu.

86 Kana vachigara pano ngavagarire ini, uye kana vachifangeta ini; nokuti “vachazorora kubva mukushanda kwavo kwose pano, uye vagoramba vachiita mabasa avo.

87 Nokudaro, regai muranda wangu William aise ruvimbo rwake mandiri, uye arege kutya pamusoro pemhuri yake, pamusana pekurwara kwenyika. Kana “muchindida, chenge-tai mirairo yangu; uye kurwara kwenyika ^bkuchave kubwinya kwenyu.

84a Eks. 32:2-4.

85a Ruka 9:62.

86a Zvaka. 14:13.

NKM Paradiso;
Zororo.

87a Joh. 14:15.

^b D&Z 121:8; 122:7.

88 Regai muranda wangu William aende anotaura vhangeri rangu risingaperi nezwi guru, uye nokufara kukuru, sekufemerwa kwaanenge achii-twa ^aneMweya wangu, kuvagari vekuWarsaw, nekuvagariwo vekuCarthage, nekuvagariwo vekuBurlington, nekuvagariwo vekuMadison, vamirire nomwoyo murefu akaperera kwazvo kuimwe mirairo pamusangano mukuru vevanhu vose, vanodaro Ishe.

89 Kana ari achaita kuda kwangu regai kubvira zvino ateere kumazwi emuranda wangu Joseph, nezvinhu zvake atsigire ^abasa revarombo, uye agoshambadza ^bkududzirwa kutsva kweizwi rangu dzvene kuvagari vepasi.

90 Uye kana akaita izvi ^andinomuropafadza neparopafadzo akapetwa kazhinji, zveku-ti haazosiiwa, kana mbeu yake haizowanikwa ^bichikumbira chingwa.

91 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu William adomwe, agadzwe, uye azodzwe, segurukota remuranda wangu Joseph, munzvimbo yemuranda wangu Hyrum, kuti muranda wangu Hyrum atore chinzvimbo cheHupirisita ^anechaPatiriyaki, icho chakapihwa kwaari nababa

vake mukuropafadzwa uyewo nekodzero;

92 Kuti kubvira zvino achabata makiyi emaropafadzo ^aapatiriyaki pamisoro yevanhu wangu.

93 Kuti ani zvake waacharopafadza acharopafadzwa, uye ani zvake ^awaachatuka achatukwa, kuti chose ^bchaachasunga panyika chichasungwa kudenga; uye chose chaachasunungura panyika chichasunungurwa kudenga.

94 Uye kubvira nguva ino zvichienda mberi ndichamudoma kuti ave muporofita, uye ^amuoni, uye nemuzaruri kuchechi yangu, pamwechete nemuranda wangu Joseph;

95 Kuti agoitawo mukubvumiranawo nemuranda wangu Joseph; uye nokuti achagashira kurairwa nemuranda wangu Joseph, uyo achamuratidza ^akiyi dzekukumbira nawo uye nokugashira, uye achibva apihwa maropafadzo mamwecheteu nokubwinya, nerukudzo, nehupirisita, nezvipo zvehupirisita, izvo zvakamboiswa pane uyo aive muranda wangu ^bOliver Cowdery;

96 Kuti muranda wangu Hyrum apupure pamusoro pezvinhu zvandichamuratidza, kuti zita rake rirangarirwe nerukudzo kubva kuchizvarwa nechizvarwa, narinhi narinhi.

88a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Mweya Mutsvene.

89a D&Z 78:3.

^b NEMAMWE MAZWI
Dudziro yaJoseph
Smith yeBhaibheri.

90a NKM Kuropafadzwa.
^b Mpi. 37:25.

91a D&Z 107:39-40.
NKM Patiriyaki.

92a NKM Maropafadzo
ehuPatiriyaki.

93a D&Z 132:45-47.
^b Mat. 16:19.

NKM Kusunga.

94a D&Z 107:91-92.
NKM Muoni.

95a D&Z 6:28.

^b NKM Cowdery,
Oliver.

97 Regai muranda wangu William Law naiyewo agashire kiyi idzo dzaanogona kukumbira uye nokugashira maropafadzo; ngaave “akazvininipisa pamberi pangu, uye asina ^bhunyengedzi, uye achagashira Mweya wangu, kunyangwe Mweya “Munyaradzi, uyo uchaisa pachena kwaari chokwadi chezvinhu zvose, uye uchamupa, munguva yacho chaiyo, zvaachataura.

98 Uye “zviritidzo izvi zvichamutevera—^bachaporesa vanorwara, achiburitsa mweya yakaipa, uye achanunurwa kubva kune avo vanoda kumupa chepfu inouraya;

99 Uye achandeswa nemudzinzira umo mekuti nyoka ine “huturu hwakaipa haikwanise kuruma chitsitsinho chake, uye achasimudzwa ^bmukufungidzira kwepfungwa dzake sekunge ari pamapapiro egondo.

100 Uye kana ndikaita kuti amutse vakafa, ngaarege kudzora izwi rake.

101 Nokudaro, regai muranda wangu William acheme zvinonzwikwa uye asarege, uye nekufara nokupembera, nema hosana kwaari uyo agere pachigaro chekutonga narinhi narinhi, vanodaro Ishe Mwari venyu.

102 Tarisai, ndinoti kwamuri, ndine basa randakachengetera muranda wangu William, ne-

muranda wangu Hyrum, uye nderavo chete; regai muranda wangu Joseph amboramba ari kumba, nokuti ari kudiwa iko. Zvasara ndichakuratidzai pashure. Kunyangwe saizvo-zvo Amen.

103 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kana muranda wangu “Sidney akashandira ini uye akave gurukota remuranda wangu Joseph, ngaasimuke uye auye azomira munzvimbo yaakadaidzwa, uye azvininipise pamberi pangu.

104 Uye kana akapira kwandiri mupiro wandinobvuma, uye wandinotambira, uye agoramba aine vanhu vangu, tarisai; ini Ishe Mwari venyu, ndichamuita kuti arapwe; uye achasimudza izwi rake zvakare mumakomo, uye agove “mumiriri pamberi peusu hwangu.

105 Ngaauye azoisa mhuri yake munharaunda inogara muranda wangu Joseph.

106 Uye munzendo dzake dzose ngaasimudze izwi rake kuti riite sehvamanda, uye achiyambira vagari vemunyika kuti vatize hashu huru dzirikuuya.

107 Regai ayamure muranda wangu Joseph, uye muregewo muranda wangu William Law ayamure muranda wangu Joseph, mukuita “chirevo chinoera kumadzimambo epasi, kunyangwe sezvandakambo- taura kwamuri.

97a NKM Akazvininipisa.

^b NKM Kunyenge.

^c NKM Munyaradzi.

98a Marko 16:17–18.

NKM Zvipo

zveMweya.

^b NKM Kurapa.

99a D&Z 84:71–73.

^b Eks. 19:4; Isa. 40:31.

103a NKM Rigdon,

Sidney.

104a Eks. 4:14–16;

2 Ni. 3:17–18;

D&Z 100:9–11.

107a D&Z 124:2–4.

108 Kana muranda wangu Sidney achida kuita kuda kwangu, ngaarege kuendesa mhuri yake kunyika “dzekumabvazuva, asi ngaavatamise pavagere, kunyangwe sekutaura kwandaaita.

109 Tarisai, hachisi chido changu kuti atsvage kuwana pasina ngozi nepekupotera, kunze kweguta iro randakakusarudzirai, kunyangwe guta “reNauvoo.

110 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kunyangwe zvino, kana akateerera kuzwi rangu, zvichave zvakanaka kwaari. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

111 Uye zvakare, zvirokwa-zvo ndinoti kwamuri, regai muranda wangu Amos Davies abhadhare pfuma mumaoko evavo vandakasarudza kuti vavake imba yekugara, kunyangwe Imba yeNauvoo.

112 Izvi regai aite kana achizove nemugove; uye ngaateerere kuraira kwemuranda wangu Joseph, uye agoshanda nemaoko ake kuti agovimbisika kuvanhu.

113 Uye kana akagona kuzviratidza kuti anotendeka muzvinhu zvose zvichaiswa mumaoko ake, hongu, kunyangwe zvinhu zvishoma, achaitwa “mutongi wezvishinji.

114 Regai zvakadaro “azvininipise kuti agosimudzirwa kunyangwe saizvozvo. Amenii.

115 Uye zvakare, zvirokwa-zvo

ndinoti kwamuri, kana muranda wangu Robert D. Foster akateerera izwi rangu, regai avake imba yemuranda wangu Joseph maererano nechiranganano chaakaita naye, musiwo uchave unozarurwa kwaari nguva nenguva.

116 Uye ngaatendeuke muhupenzi hwake hwose, uye azvipfekedze “rudo rwakadzama; uye arege kuita zvakaipa, uye asiye kutaura kwake kwose kukukutu;

117 Uye abhadharewo pfuma mumaoko echikwata cheImba yeNauvoo, kuzviitira iye nechizvarwa chake mushure make, kubva kuchizvarwa kusvika kune chimwe chizvarwa;

118 Uye aterere kuraira kwevaranda vangu Joseph, naHyrum, naWilliam Law, nekune avo vane masimba vandakaidza kuti vaise hwaro hweZioni; uye zvichamunakira nariini nariini. Kunyangwe saizvozvo. Amenii.

119 Uye zvakare, zvirokwa-zvo ndinoti kwamuri, musarege munhu achibhadhara pfuma kuchikwata cheImba yeNauvoo kunze kwekunge ari anotenda muBhuku raMormoni, nezvakazarurwa zvakadakupai, vanodaro Ishe Mwari.

120 Nokuti “zvinopfuura kana kuita zvishoma pane izvi zvinobva kune wakaipa, uye zvichave zviine kutukwa zvisina maropafadzo, vanodaro Ishe Mwari

108a D&Z 124:82–83.

109a NKM Nauvoo, Illinois (USA).

113a Mat. 25:14–30.

114a Mat. 23:12; D&Z 101:42.

116a VaKoro. 3:14. NKM Rudo

Rwakadzama.
120a Mat. 5:37; D&Z 98:7.

venyu. Kunyangwe saizvozvo Ameni.

121 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, chikwata che-Imba yeNauvoo ngachiwane mubairo wakafanira webasa racho rose rachinoita mukuva-ka Imba yeNauvoo; uye regai mibairo yavo iite sezvavanenge vabvumirana pakati pavo, marerano nokuti ichava marii.

122 Uye regai munhu anobhadhara pfuma kana mari ave anobvisawo chikamu chake chemari inotambirwa nevashandi, kana zvichifanira kuvaritira, vanodaro Ishe; nokuti basa ravo richatarwa richatariswa semugove kupfuma yemumba iyoyo. Kunyangwe saizvozvo. Ameni.

123 Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, zvino ndave kukupai “vabati vezvigaroro zveHupirisita hwangu, kuti muve ^bnekiyi; kunyangwe Hupirisita hweboka ^araMerkizedeki, uhwo huri hweboka reMwanakomana wangu Mumwechete Akaberekwa.

124 Kutanga, ndinokupai Hyrum Smith kuti ave ^apatiriyaki kwamuri, kuti abate maropafadzo ^bekusunganidza emuchechi yangu, kunyangwe Mweya Mutsvene ^cweruvimbiso apo ^dpamunosunganidzwa kuzuva rerununuro, kuti musazopunzika kana dai iri ^engu-

va yekuyedzwa ingangouya pamuri.

125 Ndinokupai muranda wangu Joseph kuti ave gosa rinotungamira muचेची रंगु रोसे, kuti ave mududziri, muzaruri, ^amuoni, nemuporofita.

126 Ndinopa kwavari kuti vave makurukota ake muranda wangu Sidney Rigdon nemuranda wangu William Law, kuti ivava vaumbe chikwata neHutungamiri Hwekutanga, kuti vagotambira ^azvakarurwa zveचेची योसे.

127 Ndinokupai muranda wangu ^aBrigham Young kuti ave mutungamiri wevaneGumi neVaviri vedare revanofamba;

128 Vari ivo ^avaneGumi neVaviri vakabata makiyi ekuvhura mvumo yeumambo hwangu kumativi mana enyika, uye mushure maizvozvo, ^bkutumira izwi rangu kuchisikwa chose.

129 NdiHeber C. Kimball, Parley P. Pratt, Orson Pratt, Orson Hyde, William Smith, John Taylor, John E. Page, Wilford Woodruff, Willard Richards, George A. Smith;

130 ^aDavid Patten ^bndamutora ini pachangu; tarisai, hupirisita hwake hapana munhu angahutore kwaari, asi zvirokwasvo ndinoti kwamuri, mume angangodomwa kubasa rimwechetero.

123a NKM Chigaro, Munhu anechigaro.

b NKM Kiyi dzeHupirisita.

c NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

124a NKM Patiriyaki.
b NKM Kusunga.

c D&Z 76:53; 88:3–4.

NKM Mweya Mutsvene weChivimbiso.

d VaE. 4:30.

e Zvaka. 3:10.

125a D&Z 21:1.
NKM Muoni.

126a D&Z 90:4–5.

127a NKM Young, Brigham.

128a NKM Muapostitori.
b Marko 16:15.

130a NKM Patten, David W.
b D&Z 124:19.

131 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, ndinokupai dare “repamusoro, sedombo rinotsigira eZioni—

132 Mazita avo ndiSamuel Bent, Henry G. Sherwood, George W. Harris, Charles C. Rich, Thomas Grover, Newel Knight, David Dort, Dunbar Wilson—Seymour Brunson, ndamutora ini pachangu; hapana munhu anatora hupirisita hwake, asi mumwe angangodomwa muhupirisita humwechete hwo munzvimbo yake; uye ndinoti kwamuri regai muranda wangu Aaron Johnson agadzwe mubasa iri munzvimbo yake—David Fullmer, Alpheus Cutler, William Huntington.

133 Uye zvakare, ndinopa kwamuri Don C. Smith kuti ave mutungamiri wechikwata chemapirisita vepamusoro;

134 Chiri chisungo chadzikwa nechinangwa chekuti vakodzere avo vachazosarudzwa kuti vave vatungamiri vakamirira kana varanda vanotarisa “hoko dzakapararira kwose kwose;

135 Uye vanogona kufambawo, kana vakasarudza, asi chizvo vanogadzwa sevutungamiri vakamirira, ndicho chinzvimbo chekudaidzwa kwavo, vanodaro Ishe Mwari venyu.

136 Ndinokupai Amasa Lyman naNoah Packard semakurukota, kuti vagotungamira chikwata chevapirisita vepa-

musoro vechechi yangu, vanodaro Ishe.

137 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, ndinokupai John A. Hicks, Samuel Williams, naJesse Baker, vapirisita ava vari ivo vachatungamira chikwata “chemagosa, chiri chikwata chakaitirwa vapirisita vanomirira; zvisinei vanogona kufamba, asi vakagadzwa kuti vave mapirisita vakamirira muchechi yangu, vanodaro Ishe.

138 Uye zvakare, ndinokupai Joseph Young, Josiah Butterfield, Daniel Miles, Henry Herriman, Zera Pulsipher, Levi Hancock, James Foster, kuti vatungamire chikwata chevane “makumi manomwe;

139 Chirichikwata chakaitirwa magosa anofamba kuti vapupure pamusana pezita rangu pasi rose, uko kwose kwavanutumwa nevedare repamusoro revanofamba, vaapositori vangu kuti vanogadzira nzira pamberi pangu.

140 Mutsauko pakati pechikwata chino nechikwata chemagosa ndewekuti, rimwe rinofamba nguva dzose, uye rimwe rine basa rekutungamirira machechi nguva nenguva, uye rimwe harina basa rekutungamira, vanodaro Ishe Mwari venyu.

141 Uye zvakare, ndinoti, kwamuri ndinokupai Vinson Knight, Samuel H. Smith, uye naShadrach Roundy, kana aka-

131a NKM Dare
rePamusoro.

134a NKM Hoko.

137a D&Z 107:11-12,
89-90.

NKM Gosa;

Chikwata.
138a NKM Makumi
Manomwe.

zvigashira, kuti vave pamusoro “pehubhishopi; ruzivo rwehubhishopi hwataurwa rwunopi-hwa kwamuri muBhuku ^bre-Dzidziso neZvibvumirano.

142 Uye zvakare, ndinoti kwamuri, Samuel Rolfe nema-kurokota ake kuhupirisita, uye nemutungamiri wevadzidzisi nemakurokota ake, uyewo nemutungamiri wemadhikoni nemakurokota ake, uyewo nemutungamiri wehoko nevatevedzeri ake.

143 Zvinzvimbo zviripamusoro apa ndazvipa kwamuri,

uye nemakiyi azvo, kuyamura nokutonga, kuitira basa reku-paridza uye “nokunatsa vate-ndi vangu.

144 Uye ndinokupai murairo, kuti munofanira kuzadza zvinzvimbo zvose izvi, uye “mutambire mazita ayo andakupai, kana kuti kuaramba pagungano rangu rechechi revose;

145 Uye nokuti makafanira kugadzira dzimba dzezvinzvimbo zvose izvi mumba mangu kana maivaka muzita rangu, vanodaro Ishe Mwari venyu. Kunyangwe saizvozvo. Amen.

CHIKAMU 125

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paNauvoo, Illinois, Kurume 1841 maererano neVatendi vemudunhu reIowa (History of the Church, 4:311–312).

1–4, *Vatendi vanofanira kuvaka maguta nekuungana kuhoko dze-Zioni.*

CHIII chido chaIshe maerera-no nevatendi vari Mudunhu reIowa?

2 Zvirokwazvo, vanodaro Ishe, ndinoti kwamuri, kana avo “vanozvidaidza nezita rangu uye vachiyedza kuve vatendi vangu, kana vakaita kuda kwangu nekuchengeta mirairo yangu pamusoro pavo, ngavazviunganidze pamwechete munzvimbo dzandichavasaru-dzira nemuranda wangu Joseph,

uye vavake maguta muzita rangu, kuti vagove vakagadzirira zvichauya.

3 Ngavavake guta muzita rangu panzvimbo yakatarisana neguta reNauvoo, uye murege zita rekuti “Zarahemla ridaidzwe pariri.

4 Uye regai vose avo vanobva kumabvazuva, nekumadokero, nekuchamhembe, nekumaodzanyemba, avo vane chido chekugaramo, vatore nhaka yavo makaremo, pamwechete nemuguta reNashville, kana muguta reNauvoo, uye ^bnemuhoko dzandakasarudza, vanodaro Ishe.

141a D&Z 68:14; 107:15.

^b NKM Dzidziso neZvibvumirano.

143a VaE. 4:11–14.

144a D&Z 26:2.

NKM Kubvumirana

kwewose.

125 2a NKM Munhu—Munhu, Kugona kuve saBaba Vekudenga.

3a NKM Zarahemura.

4a NEMAMWE MAZWI

Nashville muRuwa rweLee, Iowa.

^b NKM Hoko.

CHIKAMU 126

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, mumba maBrigham Young, paNauvoo, Illinois 9 Chikunguru 1841 (History of the Church, 4:382). Panguva iyi Brigham Young akanga ari Mutungamiri weChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri.

1–3, Brigham Young anorumbidzwa pamusoro pebasa rake uye obva asunungurwa pakuzofamba achienda mhiri.

MUDIWA nehama inodiwa zvikuru, Brigham Young, zvirokwazvo ndizvozinotaura Ishe kwauri: Muranda wangu “Brigham, hazvichadiwa kwauri kuti usiye mhuri yako sezvaitika munguva yakapfu-

ura, nokuti mupiro wako unogashirwa neni.

2 Ndaona basa rako “nokushanda kwako kwakaoma uchifambira zita rangu.

3 Ndinokuraira naizvozvo kuti utumire izwi rangu mhiri, uye kuti unyatsochengeta “mhuri yako kubva panguva ino, zvichienda mberi uye nariini nariini. Amenii.

CHIKAMU 127

Tsamba yakabva kuna Joseph Smith Muporofita ichienda kuVatendi VaMazuva Ekupedzisira paNauvoo, iine gwara rekubhabhatidzwa kwevakafa, yakadhindhwa paNauvoo 1 Gunyana 1842 (History of the Church. 5:142–144).

1–4, Joseph Smith aifara mukunetswa nekutambudzika; 5–12, Zvinyorwa zvinofanira kuchengetwa zviriviri maererano nerubhabhatidzo rwevakafa.

NOKUTI sezvo Ishe vakaratidza kwandiri vavengi vangu, vari muMissouri navari muDunhu rino, vakanga zvakare vachida kundibata; uye kana vari vanonditsvaga vasina “chikonzero, uye vasina kana kadikidiki zvako kana karuvara kekuenzanisa kana kodzero

kurutivi rwavo mukugadzira kwavo mhosva dzavarikunenedzera dzinobva mumanyepo akaipisisa, ndafunga kuti zvakanfanira uye huri ungaru mandiri kuti ndimbosiya nzvimbo iyi kwechinguva, kuti ini nevanhu ava tisakuvadzwe. Ndingati kune avo vachaita rose basa, kuti ndasiya zvinhu zvangu zviriviri muvimiriri navanamunyori avo vachaita rose basa nokukurumidza nenzira kwayo, uye vachaona kuti zvikereti zvangu zvose zvabhadharwa ne-

126 1a NKM Young, Brigham.
2a NKM Mabasa.

3a NKM Mhuri.
127 1a Jobo 2:3;
Mat. 5:10–12;

I Pet. 2:20–23.

nguva yazvo, nokutengesa midziyo kana nedzimwe nzira, sezvazvinenge zvichifanirwa kuitwa, kana sezvinenge zvichakwaniswa. Pandinonzwa kuti mhopo dzose idzi dzape-ra, ndipo pandichadzoka kwamuri zvakare.

2 Uye dziri idzo “njozi dzandiri kudaidzwa kuti ndipfuure nemadziri, dzinoita sechinhu chidiki kwandiri, sezvo ^bruchi-va nehasha dzevanhu zviru zvinhu zvinoitika kwandiri ose mazuva eupenyu hwangu; uye kuti chikonzero chacho chii hazvinzwisisike, kunze kwekunge ‘ndakagadzwa nyika isati yavambwa kuchinhu chakanaka kana chakaipa, sezvamunenge masarudza kuchidaidza. Zvito-ngerei mega. Mwari vanoziva zvose zvinhu izvi, kana zvakanaka nezvakaipa. Asi zvisinei, mumvura yakadzika ndimo mandajaira kushambira. Zvose zvave zvinhu zvandajaira; uye ndinonzwa, saPauro, kubwinya ^amumatambudziko; nokuti kusvika nhasi Mwari vemadzibaba angu vandibvisa maari ose, uye vachandibvisa kusvikira nariini, nokuti tarisai, uye muone ndichakunda dzose mhandu dzangu, nokuti Ishe Mwari vazvitauro.

3 Regai vatendi vose vafare, naizvozvo, uye vafarisise; nokuti ^aMwari valsaeri ndivo Mwari

vavo, uye vachapa mubairo wakafanira pamisoro yeavo vose vanovadzvinirira.

4 Uye zvakare, zvirokwazvo, zvirokwazvo, vanodaro Ishe: Regai basa “remutemberi yangu, nemabasa ose andakakusarudzirai, arambe achiitwa uye asamiswe; uye regai ^bkushingaira kwenyu, nokushingirira, nemwoyo murefu, nemabasa enyu zvipamhidzirwe zve, uye hamuzorasikirwa nemubairo wenyu, vanodaro Ishe veHondo. Uye kana ‘vakakutambudzai, ndiko kutambudza kwavakaita vaprofito nevanhu vakarurama musati mavepo. Kuzvose izvi kune mubairo kudenga.

5 Uye zvakare, ndinopa kwamuri izwi riri maererano “nerubhabhatidzo ^brwevakafa venyu.

6 Zvirokwazvo, vanodaro kunoita Ishe kwamuri pamusoro pevakafa venyu: Kana ani wenyu “akabhabhatidzirwa vakafa venyu, ngapave ^bneanonyora, uye ave mupupuri aona kubhabhatidzwa kwenyu; nganzwe nenzeve dzake, kuti agopupura nechokwadi, vanodaro Ishe;

7 Kuti mukunyora kwenyu kwose “kugonyorwawo kudenga; chose chiri chipi zvacho ^bchamunosunga panyika, chisungwe kudenga; chose chipi zvacho chamunosunungura panyika, chisunungurwe kudenga;

2a Mpi. 23:1-6.

^a NKM Kupfuvisa.

^b NKM Chiva.

^c NKM Kufano gadzwa.

^d II VaKori. 6:4-5.

3a 3 Ni. 11:12-14.

NKM Matambudziko.

4a D&Z 124:55.

^b NKM Hushingi.

^c NKM Kupfuvisa.

5a NKM Bhabhatidza—

Rubhabhatidzo

rwevakafa.

^b NKM Ruponeso

rweVakafa.

6a I VaKori. 15:29;

D&Z 128:13, 18.

^b D&Z 128:2-4, 7.

7a NKM Bhuku

reUpenyu.

^b NKM Kusunga.

8 Nokuti ndavekuda “kudzorera zvinhu zvizhinji panyika, zviri maererano ^bnehupirisita, vanodaro Ishe veHondo.

9 Uye zvakare, “zvinyorwa zvose ngazvive zvakarongwa zvakanaka, kuti zvigorongedzwa mumba inochengeterwa zvinyorwa, mutemberi yangu tsvene, kuti zvigochengetwa sechirangariro kubva kuchizvarwa kusvika kuchizvarwa, vanodaro Ishe veHondo.

10 Ndichati kune vose vate-ndi, ndaida, nokuda kukuru kwazvo, kuti ndingendataura kwavari ndiri pamberi pavo nezvenyaya yerubhabhatidzo rwevakafa, paSabata raitevera. Asi sezvo zviri kunze kwesimba rangu kuti ndidaro, ndichanyora izwi ralshe nguva ne-

nguva, panyaya iyoyo, uye ndoritumira kwamuri netsamba pamwechete nezvimwe zvinhu zvakawanda.

11 Ndavekupedzisa tsamba yangu kwazvino, nokuda kwekushomeka kwenguva, nokuti muvengi achangamuka, uye sezvakataurwa neMuponesi, “jinda renyika ino rinouya, asi haana chaainacho mandiri.

12 Tarisai, munamoto wangu kuna Mwari ndewekuti dai mose maponeswa. Uye ndinoinisa zita rangu ini muranda wenyu muna Ishe, muporofita “nemuoni weChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.

JOSEPH SMITH.

CHIKAMU 128

Tsamba yakabva kuna Joseph Smith Muporofita weChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, iine mimwe mirairo pamusoro pekubhabhatidzwa kwevakafa, yakatsikiswa paNauvoo. Illinois, 6 Gunyana 1842 (History of the Church, 5:148–153).

1–5, Vanyori vepanzvimbo nevamwewo vanofanira kuratidza kuti zvechokwadi rubhabhatidzo rwevakafa rwaitwa; 6–9, Zvinyorwa zva-cho zvinosungira uye zvinonyorwa pano pasi nekudenga; 10–14, Chidziva chinobhabhatidzirwa chinofananidzwa neguva; 15–17, Erija akadzorera simba rinechekuita nerubhabhatidzo rwevakafa; 18–21, ose makiyi, masimba nemvumo

dzemikuwo yakapfuura zvakadzorerwa pakare; 22–25, Mazwi anofadza nokubwinya anotaurwa kune vopenyu nevakafa.

SEZVANDAKATAURA kwamuri mutsamba yangu ndisati ndabva panzvimbo pangu, kuti ndichakunyorera nguva nenguva uye ndigokupai mashoko pamusoro penyaya

8a NKM Kudzorera pakare kweVhangeri.
b NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

9a D&Z 128:24.
11a Joh. 14:30;
DJS, Joh. 14:30.
NKM Dhiabhorosi.

12a D&Z 124:125.
NKM Muoni.

dzakawanda, zvino ndave kusimudzira zvekare nyaya “yerubhabhatidzo rwevakafa, sezvo nyaya iyoyo iri inenge iyo yakabata pfungwa dzangu, uye zvichindishungurudza zvakasimbisisa, kubvira pakutandani swa kwandakaitwa nevavengi vangu.

2 Ndakanyora mazwi mashomashoma ezvakazarurwa kwamuri ari pamusoro pemunyori. Ndave nezvimwe zvekupamhidzira pamusoro penyaya iyi, izvo zvandave kutsinhira. Uku ndiko kuti, zvakataurwa mutsamba yangu yekutanga kuti pakafanira kuve “nemunyori, anofanira kunge akaona, uye nekunzwawo nenzeve dzake kuti agonyora zvechokwadi pamberi palshe.

3 Zvino, maererano nenyaya iyi, zvakaoma chaizvo kuti munyori mumwechete avepo nguva dzose, uye nokuita rose basa. Kutiparege kuve nedambudziko iri, panogona kuve nemunyori anosarudzwa mugungano rega-rega reguta, anogona chaizvo kutora mazwi ari kutaurwa nemazvo; uye ave munhu anoda kuti zviitwe sezvazviri mukunyora zviri kuitwa zvose, achitsinhira chokwadi muzvinyorwa zvake kuti azviona nemaziso ake, uye akanzwa nenzeve dzake, achipa zuva, uye nemazita, nezvakadaro, uye nenhorondo, yezvaitika zvose; achitaurawo mazita evanhu vatatu varipo, kana paine vari-

po, vanogona kuti nguva ipi zvayo kana vakadaidzwa kuti vataure chokwadi chezvimwechetezvo, kuti mumiromo “yevapupuri vaviri kana vatatu rose izwi risimbiswe.

4 Zvino, ngakuve nemunyori wezvose, uyo anozopihwa zvimwe zvinyorwa izvi, zviri pamwechete nemagwaro avakanyora pachavo kuti zvinyorwa zvavaita ndezvechokwadi. Zvino munyori wezvose anoisazvinyorwa izvi mubhuku rezvose rechechi, uye nemagwaro nezvose zvekupupura zvinodiwa, netsamba yake inoti zvirokwazvo anotenda kuti tsamba nezvinyorwa zviri pamusoro ndezvechokwadi, kubva muruzivo rwake rwetsika nekusarudzwa kwevarume ivavo nechechi. Uye kana izvi zvaitwa mubhuku rezvose zvechechi, zvinyorwa zvinozoza zvitsvene, uye achadavira basa iroro zvimwechetezvo sekunge iye akazviona nemaziso ake uye akanzwa nenzeve dzake, uye akaita zvinyorwa mubhuku rezvose rechechi.

5 Mungafunga kuti tsika yezvinhu iyi yakaoma chaizvo; asi regai ndikutaururei kuti kupindura chido chaMwari, nokutevedzera chisungo nokugadzirira kwakaitwa nokugadzwa nalshe hwaro hwenyika husati hwavapo, kuti kuve “neruponeso rwevakafa avo vanofa vasina^bruzivo rwevhangeri.

6 Uye zvakare, ndinoda kuti

128 1a NKM Bhabhatidza—
Rubhabhatidzo
rwevakafa.

2a D&Z 127:6.
3a NKM Mupupuri.
5a NKM Ruponeso

rweVakafa.
b I Pet. 4:6.

muyeuke kuti Johane Muzaruri akanga achifunga nyaya iyoyi pamusoro pevakafa, paakataura, sezvamunoono zvakanoyora mune Zvakazarurwa 20:12 — *Uye ndakaona vakafa, vadiki nevakuru, vamire pamberi paMwari; uye mabhuku akavhurwa; uye rimwe bhuku rikavhurwa, riri iro bhuku reupenyu; uye vakafa vakatongwa nezvinhu izvozvo zvakanga zvakanoyorwa mumabhuku, maererano nemabasa avo.*

7 Muchaona mumazwi aya kuti mabhuku akavhurwa; uye rimwe bhuku rakavhurwa, rai-ve ^abhuku reupenyu; asi vakafa vakatongwa pamusoro pezvinhu zvakanga zvakanoyorwa mumabhuku, maererano nemabasa avo; naizvozvo, mabhuku arikuturwa akafanira kuve mabhuku akange aine zvinyorwa zvemabasa avo, uye anotaura ^bzvezvinyorwa zvinochengetwa pano pasi. Uye bhuku rakange riri bhuku reupenyu ndizvo zvinyorwa zvinochengetwa kudenga; tsika yacho ichipindirana chaizvo nedzidziso iyo yamunotaurirwa imi mune zvakazarurwa zviru mutsamba yangu yandakanyora ndisati ndabva panzvimbo yangu — kuti zvinyorwa zvenyu zvose, zvinyorwe kudenga.

8 Zvino, nzira yechisungo ichi iri ^amusimba rehupirisita, kuburikidza nezvakazarurwa zva-Jesu Kristu, izvo zvakabvumira

kuti chose chipi zvacho ^bchamuchasunga panyika chichasungwa kudenga, uye chose chipi chamuchasunungura panyika chichasunungurwa kudenga. Kana nemamwe mazwi, tichitarisa nerumwe rutivi rwekududzira, chose chipi zvacho chamunonyora panyika chichinyorwa kudenga, uye chose chipi zvacho chamusinganyore panyika hachinyorwe kudenga; nokuti mune zvinobva mumabhuku vakafa venyu vachatongwa, maererano nemabasa avo pachavo, kunyange vari ivo pachavo vaita ^czvisungo ivo mbune, kana kuti vamiririrwa nevamiririri vavo pachavo, zviru maererano nechisungo icho Mwari vakagadzirira ^druponeso rwavo, kubvira nyika isati yavambwa, maererano nezvinyorwa izvo zvavakachengeta pamusoro pevakafa vavo.

9 Zvingaite kuna vamwe kunge dzidziso yakasimba kwazvo yatinotaura nezvayo — simba iro rinonyora kana kusunga panyika uye richisunga nekungwa. Zvisinei, mumazera ose epasi, kana Ishe vachinge vava ^amukuwo wehupirisita kuna ani zvake kuburikidza nezvakazarurwa zvechokwadi, kana chikwata chipi zvacho chevanhu, simba irori rinogara richipihwa kwavari. Saka, kana chiri chipi zvacho chaitwa nevanhu avo ^bmusimba, muzi-

7a Zvaka. 20:12;
D&Z 127:6-7.
NKM Bhuku
reUpenyu.
b D&Z 21:1.

8a NKM Simba;
Hupirisita.
b NKM Kusunga.
c NKM Zvisungo.
d NKM Ruponeso

rweVakafa.
9a NKM Mukuwo.
b NKM Mvumo.

ta ralshe, uye vachichiita nechokwadi nokutendeka, uye vaine zvinyorwa kwazvo uye zvinotendeka zvaibva zvave mutemo pasi nokudenga, uye hazvaizogona kushandurwa, maererano nezvisungo ‘zva-Jehova mukuru. Ichi chirevo chinotendeka. Ndiani angachinzwe?

10 Uye zvakare, kuratidza zvakafanana nezvizvi, Mateo 16:18, 19: *Uye ndinotiwo kwauri, kuti iwe ndiwe Petro, uye padombo iri ndichavaka chechi rangu; uye masuwo egehena haana simba pamusoro paro. Uye ndichakupa makiyi eumambo hwekudenga; uye chose zvacho chauchasunga panyika chichasungwa kudenga; uye chose chauchasunungura panyika chichasunungurwa kudenga.*

11 Zvino chikuru uye chinoshamisa chakavanzika chenya yose, uye nedonzo renyaya yose iri pamberi pedu, kuwana masimba eHupirisita Hutsvene. Kune uyo anopihwa ^amakiyi aya hakuna chakaoma mukuwana ruzivo rezvehokwadi maererano ^bneruponeso rwevana vevanhu, zvose kune vakafa nevapenyu.

12 Imomu ndimo ^amunekubwinya ^bnekukudzwa, uye ^cnokusafa neupenyu hwokusingapari—Chisungo cherubhabhatidzo nemvura ^duchinyudzwa kuitira kuteedzera mufananidzo wevakafa, kuti mutemo uyu

upindirane nemumwe: kunyudzwa mumvura uye nokuzobuda mumvura kunofanana nekumutswa kwevakafa mu kuuya kwavo vachibuda mumarinda avo; saka chisungo ichi chakaitirwa kuti chive chiwirirano nechisungo cherubhabhatidzo rwevakafa zviri mumufananidzo nevakafa.

13 Zvakadaro, chidziva ^acherubhabhatidzo chakaiswa ^bsemufananidzo werinda, uye zvikairirwa kuti chive panzvimbo iri pazasi peapo vapenyu vanoda kuungana, kuratidza vapenyu nevakafa, uye kuti zvose zvinhu zvive nezvazvakafanana nazvo, uye kuti zvipindirane—kuti icho chemunyika chipindirane nechekudenga, sekutaura kwakaita Pauro, 1 vaKorinte 15:46, 47 na48:

14 *Asi hachina kuve chekutanga icho chemweya, asi icho chenya-ma; uye chichiiteerwa shure neicho chemweya. Munhu wekutanga ndewenyika, inyika; munhu wechipiri ndiIshe vanobva kudenga. Semamiriro ezvemunyika, ndizvozvokaita naivowo venyika; uye sezvakaita zvekudenga, ndozvakaita naivowo vekudenga. Uye sezvakaita zvinyorwa zviri panyika zviri maererano nevakafa venyu, izvo zvakaitwa muchokwadi, ndizvowo zvokaita zvinyorwa zviri kudenga. Izvi, nokudaro ndirosimba rekupedza ^anokusunga, uye neimwe dudziro yezwi,*

9c NKM Jehova.
11a NKM Kiyi
dzeHupirisita.
b NKM Ruponeso.
12a NKM Kubwinya.

b NKM Rukudzo.
c NKM Asingafe.
d NKM Bhabhatidza—
Rubhabhatidzo
nokunyudzwa.

13a D&Z 124:29.
b NKM Zvemucherechedzo.
14a NKM Kusunga.

^bmakiyi eumambo uhwo huri mukiyi ‘yeruzivo.

15 Uye zvino hama dzangu dzinodiwa, regai ndikuudzei kuti iyi mitemo iri maererano nevakafa nevapenyu haisi nyaya ingatorwa zvakarereka, zviri maererano neruponeso rwedu. Nokuti “ruponeso rwavo rwunodiwa uye rwakakosha kuruponeso rwedu, sekutaura kwaPauro pamusoro pemadzibaba—kuti ivo pasina isu havangaitwe ^bvakakwana—kana nesu hatिंगave vakakwana pasina vakafa vedu.

16 Uye zvino, maererano nezverubhabhatidzo rwevakafa, ndinokupai zvimwe zvakazarurwa naPauro, 1 vaKorinte 15:29: *Kana zvisinakudaro vachaiti avo vanobhabhatidzirwa vakafa, kana vakafa vasingazomuka zvachose? Ko zvino vanobhabhatidzirwei vakafa?*

17 Uye zvakare maererano nemazwi aya, ndichakupai mamwe mazwi emumwe wemaporofita, uyo akange aine ziso rakananga rakatarisira “kudzorerwa kwehupirisita, kubwinya kwazoratidzwa mumazuva ekupedzisira, netsika yakakosha nyaya iyi inemukurumbira kupfuura dzimwe dzose dzevhangeri risingaperi, iri nyaya yerubhabhatidzo rwevakafa; nokuti Maraki anoti, muchitsa-

uko chekupedzisira, ndima yeshanu neyechitanhatu: *Tarisai, ndichakutumirai* ^b*Erija muporofita, zuva iro guru uye rinotyisa ralshe risati rauya: uye agotendeudzira mwoyo yemadzibaba kuvana, nemwoyo yevana kumadzibaba avo, potse, ndinouya ndikarova nyika nokutuka.*

18 Ndaigona kunge ndakakududzira zviri “pachena kupfuura izvi, asi izvi zviri pachena zvakakwanirana nezvandiri kuda sekumira kwazvakaita. Zvakakwana kuziva kuti, munyaya iyi, nyika icharohwa nokutukwa kunze kwekunge kune chimwe ^bchisungo chinonamatidza pakati pemadzibaba nevana, pane imwe nyaya kana zvimwewo—uye tarisai, ko nyaya yacho ndeipi? ‘Kubhabhatidzwa kwevakafa. Nokuti isu kana pasina ivo, hatigone kuitwa vakakwana; kana ivowo, pasina isu, havagone kuitwa vakakwana. Kana ivo kana isu, hatigonewo kuitwa vakakwana pasina avo vakafira muvhangeri, nokuti zvinofanirwa mukuuya ^dkwemukuwo wekuzara kwenguva uri mukuwo wave kutanga kupinda zvino, kuti kubatana kwakakwana, uyezve kuzere, nokutsikisa kwemikuwo yose, nemakiyi, nemasimba, nokubwinya kunofanira kuchii-tika, uye kugoratidzwa kubvira

14b NKM Kiyi
dzeHupirisita.
c DJS, Ruka 11:53.

15a NKM Ruponeso
rweVakafa.
b VaH. 11:40.
NKM Kukwana.

17a NKM Kudzorerwa
pakare kweVhangeri.
b 3 Ni. 25:5–6;
D&Z 2:1–3; 110:13–16.
NKM Erija.

18a Nh—JS 1:36–39.
b NKM Nhorooondo

yezvizvarwa;
Zvisungo—Zvisungo
zvinoitirwa vamwe.
c D&Z 124:28–30;
127:6–7.
d NKM Mukuwo.

kumazuva aAdama kana kusvika panguva ino. Uye kwete izvozvi chete, asi izvo zvinhu zvisina kumboratidzwa kubvira ^ahwaro yenyika, asi zvachengetwa zvakavigwa kune vakangwara nevakachenjera, zvicharatidzwa ^fkuvacheche nekune varikuyamwa, mukuwo uno wekuzara kwenguva.

19 Zvino, chii chatinonzwa muvhangeri ratakatambira? Izwi rekufara! Izwi retsitsi rinobva kudenga: nezwi ^arechokwadi rinobuda kubva pasi; mazwi akanaka evakafa; izwi rakanaka revapenyu nevakafa; ^bmazwi akanaka emufaro muru. Dzakanaka sei pamusoro pemakomo ^ctsoka dzeavo vanounza mazwi anofadza ezvinhu zvakanaka, uye vachiti kuZioni: Tarisai Mwari venyu vanotonga! ^dSedova reKarmeri, ndikokudzika kuchaita ruzivo rwaMwari pavari!

20 Uye zvakare, chii chatinonzwa? Akanaka kubva ^akuKumora! ^bMoronai ngirozi inobva kudenga, ichitaura kuzadzikiswa kwemaporofita — ^cbhuku richaratidzwa. Izwi raIshe musango ^dreFayette, muruwa rweSeneca, richitaura vapupu-

ri vatatu ^evachataura nezve bhuku! Izwi ^fraMikaeri ari pamahombekombe eSusquehanna, akaziva dhiabhorosi paakazviratidza sengirozi ^gyechiedza! Izwi ^hraPetro, Jakobo, naJohane musango pakati peHarmony, ruwa rweSusquehanna, ne-Colesville, neruwa rweBroome, parwizi rweSusquehanna, vachizviture pachavo kuti vane ⁱmakiyi eumambo, nemukuwo yekuzara kwenguva!

21 Uye zvakare, izwi raMwari mumba memuchembere ^aBaba Whitmer, muFayette, muruwa rweSeneca, uye nepane dzimwe nguva dzakasiyana-siyana uye nemunzvimbo dzakasiyana-siyana mukufamba kwose nematambudziko ose eChechi ino yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira! Uye nezwi raMikaeri, ngirozi huru; izwi ^braGabrieri ^cneraRaferi, uye ^dneengirozi dzakasiyana-siyana, kubvira kuna Mikaeri kana ^eAdama kusvika kunguva ino, vose vachitaura ^fmukuwo wavo, kodzero dzavo, makiyi avo, kukudzwa kwavo; umambo hwavo nokubwinya uye nesimba rehupirisita hwavo; vachipa ^gmutsetse nemutsetse

18e D&Z 35:18.

^f Mat. 11:25;
Ruka 10:21;
Aruma 32:23.

19a Mpi. 85:10–11.

^b Ruka 2:10.
^c Isa. 52:7–10;
Mosaya 15:13–18;
3 Ni. 20:40.

^d Deut. 32:2;
D&Z 121:45.

20a Nh—JS 1:51–52.
NKM Kumora,

Chikomo.

^b NKM Moronai,
Mwanakomana
waMormoni.

^c Isa. 29:4, 11–14;
2 Ni. 27:6–29.

NKM Bhuku
raMormoni.
^d NKM Fayette, New
York (USA).

^e D&Z 17:1–3.

^f D&Z 27:11.
NKM Adama.

^g II VaKori. 11:14.

^h D&Z 27:12.

ⁱ NKM Kiyi
dzeHupirisita.

21a NEMAMWE MAZWI

Peter Whitmer, Baba

^b NKM Gabrieri.

^c NKM Raferi.

^d NKM Ngirozi.

^e D&Z 107:53–56.

^f NKM Mukuwo.

^g Isa. 28:10.

mutemo pamusoro pemutemo, apa zvishoma, nepapo zvishoma; nokutipa runyararo nokutaura icho chichauya, nokusimbisa ^htarisiro yedu!

22 Hama, torega kuenderera here nebasa guru rakadai? Ngatiende mberi kwete shure. Shingai, hama; murambe makadaro kudakara mukukunda! Mwoyo yenyu ngaifare, uye mufarisise. Nyika ngaitange ^akuimba. Vakafa ngavataure nziyo dzekusingaperi dzekurumbidza kuna Mambo ^bImanueri, uyo akamisa nyika isati yavepo, icho chaizoti tikwanise ^ckuvanunura kubva ^dmutirongo ravo; nokuti vasungwa vachasunugurwa.

23 ^aMakomo ngaashevedzere nemufaro, uye imi nhika daidzirai zvinonzwikwa; uye mose imi makungwa nematunhu akaoma taurai zvishamiso zvaMambo venyu Vokusingaperi! Uye imi hova, netwurokorodzi, netumwe twukova twudiki, yererai norufaro. Masango ose uye nemiti yose yemumakura irumbidze Ishe; uye imi ^bmatombo akasimba chemai nemufaro! Uye regai zuva, nemwedzi nenyenyedzi ^cdzerungwanani zviimbe pamwechete, uye vose vana va-

Mwari ngavadaidzire nerufaro! Uye zvisikwa zvokusingaperi ngazvitaure zita rake narinhi narinhi! Uye zvakare ndinoti, rakanaka sei izwi ratinonzwa richibva kudenga, richitaura munzeve dzedu, kubwinya, neruponeso, nerukudzo, ^anekusafa, uye neupenyu ^bhwokusingaperi; hudzimambo, nyika, uye nemasimba.

24 Tarisai, ^azuva guru raIshe rave pedyo; ndiani ^bangararame zuva rekuuya kwavo, uye ndiani angamire kana azviratidza? Nokuti akaita semoto ^cwemhizha, nesipo yomusuki; uye achagara ^dsemhizha nemuchenesi wesirivha uye achachenesa vanakomama ^evaRevi, uye achavachenesa segoridhe nesirivha, kuti vagopira kuna Ishe ^fmupiro muururami. Ngatipirei kuna Ishe, nokudaro sechechi uye sevanhu, uye saVatendi vaMazuva Ekupedzisira, mupiro wekururama; uye ngatipei kutemberi yavo tsvene kana yapera, bhuku rine ^gzvinyorwa zvevakafa vedu, iro richave rakakodzera kose kugashirwa.

25 Hama ndine zvinhu zvizhinja zvekutaura kwamuri pamusoro penyaya yacho; asi iye zvino ndombovhara kwengu-

21h NKM Tariro.

22a Isa. 49:13.

b Isa. 7:14; Aruma 5:50.

NKM Imanueri.

c NKM Akanunura.

d Isa. 24:22;

D&Z 76:72-74.

23a Isa. 44:23.

b Ruka 19:40.

c Jobo 38:7.

d NKM Asingafe.

e NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

24a NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

b Mara. 3:1-3.

c 3 Ni. 24:2-3.

NKM Pasi—Kusukwa

kwepasi pano.

d Zek. 13:9.

e Deut. 10:8;

D&Z 13:1; 124:39.

f D&Z 84:31.

NKM Mupiro.

g D&Z 127:9.

NKM Nhorroondo

yezvizvarwa.

va ino, uye ndigozoenda mberinyenyaya iyi pane imwe nguva. Ndini, senguva dzose, muranda

wenyu akapfava, uye shamwari isingambofa yakashanduka,
JOSEPH SMITH.

CHIKAMU 129

Mazwi akapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, paNauvoo, Illinois, 9 Kukadzi 1843, achizivisa nezvemakiyi makuru matatu ayo anoratidza nzira kwayo yekusiyana kwengirozi dzinosumira nekwemweya (History of the Church, 5:267).

1-3, *Kudenga kune yose, miviri yakamutswa kuvakafa, nemiviri yemweya; 4-9, Makiyi anopihwa ayo ekuti vatumwa vanobva seri kwechidzitiro vakwanise kuzivikanwa.*

KUNE ndudzi mbiri dzinorarama “kudenga dzinoti. ^bNgirozi, dziri vanhu “vakamutswa kubva kuvakafa, vane miviri yenyama nemapfupa—
2 Semufananidzo, Jesu akati: *Ndibatei muone, nokuti mweya hauna “nyama nemapfupa, sezvamuri kuona ndiinazvo.*

3 Chechipiri: “mweya yavanhu ^bvatsvene vakanatswa, avo vasinga kumutswa kuvakafa, asi vanowana kubwinya kumwecheteko.

4 Kana mutumwa akauya achiti ane mashoko kubva kuna Mwari, mupe ruoko rwako umukumbire kuti akwazisane maoko newe.

5 Kana ari ngirozi anozviita, uye unonzwa ruoko rwake.

6 Kana ari mweya wemunhu mutsvene akanatswa anouya ari mukubwinya kwake; nokuti ndiyo nzira chete yaangaonekwe nayo—

7 Mukumbire kuti mugwinane maoko newe, asi haatsukunyuke, nokuti hazvipindirane nehurongwa hwekudenga kuti munhu akanaka anyengedze; asi anozongopa mashoko ake.

8 Kana ari “dhiabhorosi achizviita sengirozi yechiedza, kana ukakumbira kukwazisa ruoko rwake anokupa ruoko rwake, uye hauna kana chaunonzwa; unobva wakwanisa kumuziva nokudaro.

9 Aya ndiwo makiyi matatu makuru amungazive nawo kana kupi zvako kushandira kuti kuri kubva kuna Mwari.

CHIKAMU 130

Mazwi akapihwa kuna Joseph Smith Muporofita paRamus, Illinois, 2 Kubvumbi 1843 (History of the Church, 5:323-325).

129 1a NKM Denga.
b NKM Ngirozi.
c NKM Kumuka
Kuvakafa.

2a Ruka 24:39.
3a NKM Mweya.
b VaH. 12:23;
D&Z 76:69.

8a II VaKori. 11:14;
2 Ni. 9:9.

1-3, *Baba neMwanakomana vanngangoonekwa ivo vemene kuvanhu; 4-7, Ngirozi dzinogara mudenga reseresitiyaro; 8-9, Nyika yeseresitiyaro ichave Urimi neTumimi huru; 10-11, Dombo jena rinopihiwa kune avo vose vanopi nda munyika yeseresitiyaro; 12-17, Nguva yeKuuya kweChipiri yakavanzwa kune muporofita; 18-19, Ruzivo rwatinowana mupenyu huno tinomuka narwo muKumutswa kuvakafa; 20-21, ose maropafadzo anouya nokuteerera mutemo; 22-23, Baba neMwanakoma vane miviri yenyama nemapfupa.*

PAACHAZVIRATIDZA Muponesi tichamuona sezvaari. Tichaona kuti ^bmunhu akaita sezvatakaita isu.

2 Uye naikokufambidzana kuripo pakati pedu pano, kunenge kuripo ikoko, chete kunenge kwasangana nokubwinya ^akwo-kusingaperi, uko kubwinya kuri kwatisina iye zvino.

3 Johane 14:23—Kuonekwa ^akwaBaba ^bneMwanakomana, mundima iyo, ^ckuonekwa ivo pachavo; uye pfungwa ye-kuti Baba neMwanakomana ^dvanogara mumwoyo wemunhu, idzidziso yezvikwata

zvezvinamoto zvekare isiri yechokwadi.

4 Mumhinduro kumubvunzo unoti—Handiti kuyerwa ^akwennguva yaMwari, nenguva yengirozi, nenguva yemuporofita, uye nenguva yemunhu kuri maererano nenyika yavanogara?

5 Ndinopindura kuti, Hongu. Asi hakuna ^angirozi dzinoshandira nyika ino asi idzo dzemuno kana dzakanga dziri dzemuno.

6 Ngirozi hadzigare munzvimbo yakaita sepasi pano;

7 Asi dzinogara panaMwari, panyika inenge ^agungwa regirazi ^bnemoto, apo zvose zvinhu nekubwinya kwavo zvonoratidzwa, zvakare, zvanhasi, nezvichauya, uye zviripamberi palshe nguva dzose.

8 Nzvimbo inogara Mwari ^aiUrimu neTumimi huru.

9 ^aNyika ino, kana ichinge yacheneswa isisafe ichaitwa sechiringiriro uye iri Urimi neTumimi kuvanhu vachagarapairi, umo mekuti zvose zvinhu zveumambo hwakaderera, kana hwose umambo hwakadzikira, zvicharatidzwa kune avo vage-re mairi, uye nyika ino ichave yaKristu.

130 1a I Joh. 3:2;
Moro. 7:48.
NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.
b Ruka 24:36-40.
2a NKM Kubwinya
kweSeresitiyaro.
3a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—
Mwari Baba.
b NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari—
Mwari
Mwanakomana.
c D&Z 93:1.
d D&Z 130:22.
NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
4a II Pet. 3:8;
Abr. 3:4-10; onawo
mufanikiso 2,
mufananidzo 1,
mubhuku

raAbrahama.
5a NKM Ngirozi.
7a Zvaka. 4:6; 15:2.
b Isa. 33:14;
D&Z 132:1-3.
8a NKM Urimi
neTumimi.
9a D&Z 77:1.
NKM Pasi—Mamiriro
ekupedzisira epasi
pano.

10 Zvino dombo jena rinotau-
rwa muna Zvakazarurwa 2:17,
richave Urimi neTumimi kune
munhu wose anoriwana, ipa-
po zvinhu zviri maererano
nehurongwa hweumambo hwe-
pamusoro, zvichaitwa kuti zvi-
zivikanwe;

11 Uye dombo “jena rinopi-
hwa kumumwe nemumwe ano-
uya muumambo hweseresitiya-
ro apo pakanyorwa ^bzita idzva,
risina munhu anoziva kunze
kweuyo anoritambira. Zita
idzva iri ndiro izwi rinokosha.

12 Ndinoporofita muzita ra-
Ishe Mwari, kuti kutanga ^akwe-
matambudziko kuchakonzera
kurasika kweropa rakawanda
Mwanakomana weMunhu asa-
ti auya kuchave ^bkuSouth
Carolina.

13 Kungangotanga pamusana
penyaya yenhapwa. Izvi zvaka-
taurwa kwandiri nezwi, panda-
kanga ndichinamata zvikuru
pamusoro penyaya iyi, muna-
Zvita 25, 1832.

14 Pane imwe nguva yanda-
kanga ndichinamata zvikuru
kutidzive nguva ^ayekuuya
kweMwanakomana weMunhu,
pandanzwa izwi richidzoko-
rora zvinotevera:

15 Joseph, mwanangu, kana
ukararama kusvika wave nema-
kore makumi masere nemasha-
nu, uchaona chiso cheMwana-

komana weMunhu; naizvozvo
rega izvi zvive zvakakwana,
uye urege kundinetsa zvakare
nenyaya iyi.

16 Ndakasiwa ndakadaro,
ndisina kugona kuziva kuti ku-
uya uku kwaive here kutanga
mereniyamu kana kumwe ku-
zviratidza kwakapfuura, kana
kutidnotofa kuti ndigoona
chiso chake.

17 Ndinofunga kuti kuuya
kweMwanakomana weMunhu
hakungambove nguva iyoyo
isati yasvika.

18 Ipi zvayo mitemo ^ayeruzi-
vo rwatinokwanisa kuwana
muneuno upenyu tichamuka
nahwo ^bmukumutswa kubva
kuvakafa.

19 Uye kana munhu akawana
^aruzivo neungwaru hwakawa-
nda muupenyu huno kuburiki-
dza ^bnekushingaira kwake
^cnekuteerera kupfuura mumwe,
achave ^dnemukana wakanyanya
wepamberi munyika ichauya.

20 Kune ^amutemo, wakatsii-
dzwa kudenga zvisingabvisike,
hwaro hwenyika ino ^bhusati
hwavepo, panove ndipo pano-
bva ^cmaropafadzo ose—

21 Uye kana tikawana maro-
pafadzo api zvawo kubva kuna
Mwari, zvinokonzerwa nokute-
erera kumutemo iwoyo panova
ndipo paanobva.

22 ^aBaba vane ^bmuviri wenya-

11a Zvaka. 2:17.

^b Isa. 62:2.

12a D&Z 38:29; 45:63.

^b D&Z 87:1–5.

14a NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

18a NKM Ungwaru.

^b NKM Kumuka

Kuvakafa.

19a NKM Ruzivo.

^b NKM Hushingi.

^c NKM Anoteerera.

^d Aruma 12:9–11.

20a D&Z 82:10.

^b NKM Upenyu

hwenyama husati

hwavepo.

^c Deut. 11:26–28;

D&Z 132:5.

NKM Kuropafadzwa.

22a NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

^b Mabasa 17:29.

ma nemapfupa unobatika sewemunhu; kana neMwana-komanawo; asi Mweya ‘Mutsvene hauna muviri wenyama nemapfupa, asi chimiro chemunhu weMweya. Dai zvisiri

izvo, Mweya Mutsvene hawai-gona kugara matiri.

23 Munhu angangogashira Mweya ‘Mutsvene, uye ugo-dzika paari uye ugorega kuga-ra naye.

CHIKAMU 131

Mirairo ya Joseph Smith Muporofita, yakapihwa pa Ramus, Illinois, 16 na 17 Chivabvu 1843 (History of the Church, 5:392–393).

1–4, *Kuroorana kweseresitiyaro kunokosha kwazvo mukusimudzirwa kudenga repamusorosoro; 5–6, Kuti vanhu vanobatanidzwa sei kuupenyu hwokusingaperi kuno tsanangurwa; 7–8, Wose mweya chinhu.*

MMUKUBWINYA ‘kweseresitiyaro mune matenga matatu kana zvinhanho;

2 Uye kuti awane ‘chepamusorosoro, munhu akafanira kupinda muhurongwa uhu hwehupirisita [zvinoreva chibvumirano chitsva uye chisingaperi ^bcheroorano];

3 Uye kana akasadaro, haangachiwane.

4 Angangopinda mune rimwe asi ndipo panoperera umambo

hwake; haakwanise ‘kupamhudzira.

5 (Chivabvu 17, 1843.) Izwi rechokwadi rakazara ‘nehuporofita zvinoreva kuziva kwemunhu kuti ^bakasangandzwa kuupenyu ‘hwokusingapere, nokuzarurirwa nemweya wechiporofita, kuburikidza nesimba reHupirisita Hutsvene.

6 Hazvigone kuti munhu ‘aponeswe ari ^bmukusaziva.

7 Hakuna chinganzi hachisi chinhu. ‘Mweya wose chinhu, asi wakanyanya kutsetseka nokuchena uye angangoonekwa chete nemaziso ^bakachena zvakawedzerwa;

8 Hatigone kuuona; asi kana miviri yedu yacheneswa tichiona kuti wose chinhu.

CHIKAMU 132

Zvakazarurwa zvakapihwa kuburikidza na Joseph Smith Muporofita, pa Nauvoo, Illinois, zvakanyorwa musu wa 12 Chikunguru 1843, zviri

22c NKM Mweya Mutsvene.

23a NKM Chipochi Mweya Mutsvene.

131 1a D&Z 76:70.
NKM Kubwinya kweSeresitiyaro.

2a D&Z 132:5–21.
NKM Rusimudzirwo.

b NKM Kuroora—Chibvumirano chitsva uye chisingaperi chekuroorana.

4a D&Z 132:16–17.

5a II Pet. 1:19.

NKM Kudaidzwa nekuSarudzwa.

b D&Z 68:12; 88:4.

NKM Kusunga.

c NKM Upenyu Hwokusingaperi.

6a NKM Ruponeso.

b D&Z 107:99–100.

7a NKM Mweya.

b D&Z 76:12; 97:16; Mos. 1:11.

maererano nechibvumirano chisingaperi, zvichisanganisa kusaguma kwechibvumirano cheroorano, uyewo nevakadzi vakawanda (History of the Church, 5:501-507). Kana dai zvazvo zvakazarurwa izvi zvakanyorwa muna 1843, zviripachena kubva kuzvinyorwa zvenhoroondo kuti dzidziso nemisimboti iyi zvirip muzvakazarurwa zvino zvakange zvichizivikanwa nemuporofita kubvira muna 1831.

1-6, Kusimudzirwa kunowanikwa kuburikidza nechibvumirano chitsva chisingaperi; 7-14, Mitemo nemirairo yechibvumirano ichocho inomiswa; 15-20, Roorano yemutemberi nokuenderera mberi kwekubatana kwemhuri kunoita kuti vanhu vave vanamwari; 21-25, Nzira yakamanikana uye yakamanika ndiyo inoenda kuupenyu hwokusingaperi; 26-27, Mutemo unopihwa maererano nokushorwa kweMweya Mutsvene; 28-39, Zvivoimbiso zvekupamhidzirwa kokusingaperi nokusimudzirwa zvinoitirwa kumaporofita neVatendi munguva dzose; 40-47, Joseph Smith anopihwa simba rokusunga nokusimbisisa pano pasi, nokudenga; 48-50, Ishe anosimbisa paari kusimudzirwa kwake; 51-57, Emma Smith anorairwa kuti ave akatendeka ari pachokwadi; 58-66, Mitemo inotonga zvevakadzi vazhinji inomiswa.

ZVIROKWAZVO, vanodaro Ishe kwauri muranda wangu Joesph, sezvo uri wabvunza kwandiri kuti uzive nokunzwisisa apo ini Ishe, ndakatendera varanda vangu Abrahamama,

Isaka, naJakobo, saMosesiwo, Davidi naSoromoni, varanda vangu, zvinobata nokuve kwavo "nevakadzi vazhinji nevarongo—

2 Tarisai uye uone, Ndini Ishe Mwari vako, uye ndichakupindura pamusoro penyaya iyi.

3 Naizvozvo, "gadzirira mwoyo wako kugashira nokuteerera mirairo yandave kuda kupa kwauri; nokuti vose avo vanoratidzwa mutemo uyu vanofanira kuuteerera.

4 Nokuti tarisai, ndinoratidza kwauri "chibvumirano chitsva chisingaperi; uye kana ukasarama muchibvumirano uchave ^bunotongwa; nokuti hakuna angarambe chibvumirano ichi, uye akabvumirwa kupinda mukubwinya kwangu.

5 Nokuti vose vanoda vachawana "maropafadzo mumaoko angu vachateerera ^bmutemo uyu wakamisirwa maropafadzo iwayo, nemirairo yacho iripo, sezvayakaiswa yakaita hwaro hwenyika husati hwavepo.

6 Uye maererano nechibvumirano chitsva "chisingaperi, chakaitirwa kuzara ^bkwekubwinya

132 1a D&Z 132:34, 37-39.

NKM Kuroora—
Barika.

3a D&Z 29:8; 58:6; 78:7.

4a NKM Chibvumirano.

b NKM Kuraswa.

c D&Z 131:1-4.

5a D&Z 130:20-21.

b NKM Mutemo.

6a D&Z 66:2.

NKM Chibvumirano

Chitsva uye

Chisingaperi.

b D&Z 76:70, 92-96.

NKM Kubwinya

kweSeresitiyaro.

kwangu; uye uyo anogashira kuzara kwacho anofanirwa kuteerera mutemo wacho, kana kuti anozotongwa, vanodaro Ishe Mwari.

7 Uye zvirokwazvo ndinoti kwamuri, ^amirairo yemutemo uyu ndeyi: Zvose zvibvumirano, zvisungo zvinofanirwa kuitwa, sungiro, mhiko, ^bzvitsidzo, zviitwa, mibatandzwa, hufambidzani, kana tarisiro, zvisina kuitwa uye ^czvikapindwa mazviri uye zvikasimbiswa neMweya ^dMutsvene wechivimbiso, weuyo akazodzwa, uye kuitira zvose zvenguva nekokusingapere kwose, uye naizvozvowo zviri zvitsvene chaizvo, ^enezvakazarurwa nemirairo kuburikidza nekune wakazodzwa wangu, uyo wandakasarudza panyika kuti ave nesimba iri (uye ndakasarudza muranda wangu Joseph kuti ave nesimba iri mumazuva ekupezdzisira, uye hakuchazove nemumwe kunze kwemumwechete pasi pano panguva imwechete achapihwa simba iri uye ^fnekiyi dzhupirisita uhu anoapihwa), haana simba, chimiro, kana chisimba munguva iyoyo kana mushure mekumutswa kwevakafa; nokuti zvose zvisungo zvisina kuitwa netsika iyi zvinoguma kana vanhu vafa.

8 Tarisai, imba yangu imba yehurongwa, vanodaro Ishe

Mwari, uye haizi imba yehudzungairi.

9 Ndingabvume here ^amupiro, vanodaro Ishe, usina kuitwa nemuzita rangu?

10 Kana kuti ndingagashire chiri mumaoko ako here icho chandisina ^akudoma?

11 Uye ndingaraire kwamuri here vanodaro Ishe, kunze kwekunge zviri mumutemo, kunyangwe ^asezvatakakugadza Ini naBaba vangu, nyika isati yavepo?

12 Ndini Ishe Mwari vako; uye ndinokupa murairo uyu — kuti hakuna munhu ^aachauya kuna Baba asi nekwandiri kana nezwi rangu, uri iwo mutemo wangu, vanodaro Ishe.

13 Uye chose chiri munyika, kana dai chiri chakagadzwa nevanhu, kana nehushu, kana masimba ekutonga, kana masimba, kana zvinhu zvine zita, kana zviri zvipi zvazvo, izvo zvisiri zvakaitwa neni, kana nezwi rangu, vanodaro Ishe, zvichakandwa pasi, uye ^ahazvisare mushure mekunge vanhu vafa, kana munguva yacho kana shure kwekumutswa kuvakafa, vanodaro Ishe Mwari wenyu.

14 Nokuti zviri zvipi zvazvo zvichasara zvakaitwa neni; uye zvinhu zviri zvipi zvazvo zvisina kuitwa neni zvichazunzwa nekuparadzwa.

15 Naizvozvowo, kana munhu

7a D&Z 88:38-39.
b NKM Chitsidzo.
c NKM Kusunga.
d NKM Mweya Mutsvene weChivimbiso.

e NKM Zvakazarurwa.
f NKM Kiyi dzeHupirisita.
9a Moro. 7:5-6.
NKM Kupira.
10a Zvaka. 22:20-25;

Mos. 5:19-23.
11a D&Z 132:5.
12a Joh. 14:6.
13a 3 Ni. 27:10-11.

“akazviroorera mukadzi munyika, uye akasamuroora nemandiri kana nezwi rangu, uye achibvumirana naye chero vari munyika iye ainaye, chibvumirano chavo neroorano yavo haina simba pavanenge vafa, nepavanenge vasisiri munyika; nokudaro, havana mutemo unovabatanidza kana vasisiri munyika.

16 Naizvozvo, kana vasisiri munyika havaroorane kana kupihwa ^amuroorano; asi vanoitwa ngirozi kudenga, dziri idzo ^bngirozi dzinove varanda vekushumira, kushumira avo vakakodzera zvikuru nekupfurikidza uye nehuremu hwekubwinya hwokusingaperi.

17 Nokuti ngirozi idzi hadzina kuteerera mutemo wangu; nokudaro, hadzigone kupamhidzirwa, asi dzinogara dzirikwadzo uye dziri dzega, pasina kukwidziridzwa, mukuponeswa kwadzo, nokusingapere kwose; uye kubvira ipapo hadzizi vamwari, asi ingirozi dzaMwari nariini nariini.

18 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kana murume akarooro mukadzi, akaita chibvumirano naye chazvino nokusingapere, kana chibvumirano ichocho chisina kuitwani kana nezwi rangu, rinove ndiro mutemo wangu, uye

chisina kusungwa neMweya Mutsvene wechivimbiso, kuburikidza nemaari uyo andazodza, uye ndikasarudzira kusimba iri, zvakadaro hazvibate kana kuve nesimba kana vasisiri munyika, nokuti havana kusanganiswa neni, vanodaro Ishe, kana nezwi rangu; kana vasisiri munyika hachigone kugashirwa ikoko, nokuti ngirozi navamwari vanosarudzwa ikoko, vavasingagone kupfuura; havakwanise, naizvozvo, kutora kubwinya kwangu; nokuti imba yangu imba yehurongwa, vanodaro Ishe Mwari.

19 Uye zvakare, zvirokwasvo ndinoti kwamuri, kana murume akarooro mukadzi nezwi rangu, iro rinove ndiro mutemo wangu, uye nechibvumirano ^achitsva chisingaperi, uye ^bchikasungwa kwavari neMweya Mutsvene ^cwechivimbiso, neuyo akazodzwa, uyo andakapa simba iri ^dnekiyi dzhupirisita huno; uye zvichanzi kwavari—Imi muchabuda mukumutswa kuvakafa kwekutanga; uye kana kuri shure kwekumuka kwekutanga, mukumuka kuvakafa kunotevera; uye muchagara nhaka ^eyehushe, umambo, masimba ekutonga, nehutungamiri, hwose hurefu nohudzami—zvino ndipo pazvichanyorwa ^fmuBhuku reUpenyu reGwayana, kuti haazoponda

15a NKM Kuroora.

16a Mat. 22:23–33;
Marko 12:18–25;
Ruka 20:27–36.

b NKM Ngirozi.

19a NKM Kuroora—
Chibvumirano

chitsva uye
chisingaperi
chekuroorana.

b NKM Kusunga.

c D&Z 76:52–53; 88:3–4.

d NKM Kiyi
dzhupirisita.

e Eks. 19:5–6;

Zvaka. 5:10; 20:6;
D&Z 76:56; 78:15, 18.

f NKM Bhuku
reUpenyu.

kukonzera kudeuka kweropa risina mhosva, uye kana muchigara muchibvumirano changu, uye musingaponde kudeura ropa risina mhosva, zvichaitwa kwavari muzvinhu zvipi zva-zvo zvose zvakaiswa pavari nemuranda wangu, munguva, nokusingapere kwose; uye zvichave nesimba rizere kana vasisiri munyika; uye vachapfuura nepane ngirozi, uye navamwari, uye vagere ipapo, ^amukunosimudzirwa kwavo nokubwinya muzvinhu zvose, sezvo zvaka-simbiswa pamusoro pavo, kuri iko kubwinya kuchave kuzara nekuenderera mberi kwembeu nariini nariini.

20 Zvino vachave vamwari, nokuti havana magumo; noku-daro vachabva kusingaperi kusvika kusingaperi, nokuti vanoramba varipo; zvino vachave pamusoro pevose, nokuti zvose zvinhu zviri pasi pavo. Zvino vachave ^avamwari, noku-ti vane simba ^brose, uye ngirozi dziri pasi pavo.

21 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kunze kwe-kunge matevedza ^amutemo wangu hamukwanise kusvika mukubwinya uku.

22 Nokuti suwo ^arakamanika-na, uye ^bnzira yakamanika iyo

inoenda mukunosimudzirwa nokuenderera mberi ^akweupe-nyu, uye kune vashoma vano-i-wana, nokuti hamundigashire munyika kana kundiziva.

23 Asi kana mukandigashira munyika, ndipo pamuchandizi-va, uye muchagashira kusimu-dzirwa kwenyu; kuti ^apandine-nge ndiri nemi muchavepowo.

24 Uhu ndihwo upenyu ^ahwokusingaperi—kuziva mu-mwechete iyeyo muzivi uye wechokwadi Mwari, naJesu Kristu, uyo ^bwavakatuma. Ndi-ni iye. Gashirai imi naizvozvo mutemo wangu.

25 ^aRakafara suwo, uye yaka-pamhamha nzira inoenda ^bku-rufu; uye vazhinji vanoenda mairi, nokuti havana ^ckundiga-shira, kana mumutemo wangu havaugare.

26 Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana murume akarooro mukadzi zviri maere-rano nezwi rangu, uye vakaba-tanidzwa neMweya ^aMutsvene wechivimbiso, maererano ne-zvandakamisa, uye murume kana mukadzi akaita chitadzo kana kutadza kupi zvako mu-chibvumirano chitsva chisi-ngaperi, nokuzvidza kwakasi-yana-siyana, uye kana vasina ^bkuponda vakadeura ropa risina

19g NKM Rusimudzirwo.
20a Mat. 25:21;
D&Z 29:12–13; 132:37.
NKM Munhu—
Munhu, Mwana
weMweya waBaba
veKudenga.
b D&Z 50:26–29;
76:94–95; 84:35–39.
21a NKM Mutemo.

22a Ruka 13:24;
2 Ni. 33:9;
Hir. 3:29–30.
b Mat. 7:13–14, 23;
2 Ni. 9:41; 31:17–21.
c D&Z 132:30–31.
23a Joh. 14:2–3.
24a Joh. 17:3.
NKM Upenyu
Hwokusingaperi.

b Joh. 3:16–17;
D&Z 49:5.
25a Mat. 7:13–14;
3 Ni. 14:13–15.
b NKM Rufu, rweMweya.
c Joh. 5:43.
26a NKM Mweya
Mutsvene
weChivimbiso.
b Aruma 39:5–6.

mhosva, zvakadarova vachauya mukumuka kuvakafa kwekutanga, uye vagopinda mukusimudzirwa kwavo; asi vachaparadzwa munyama, uye ‘vagopihwa kunotambudzwa’ naSatani kusvika zuva rekunurwa, vanodaro Ishe Mwari.

27 ^aKushora Mweya Mutsvene, uko ^bkusingaregererwe munyika kana kunze kwenyika, kuri mukuti maponda mukadeura ropa risina mhosva, uye muchibvumirana nekufa kwangu, mushure mekunge magashira chibvumirano changu chitsva chasingaperi, vanodaro Ishe Mwari; uye uyo asingateerere mutemo uyu haana mapindiro aangaita mukubwinya kwangu, asi ‘achatongwa, vanodaro Ishe.

28 Ndini Ishe Mwari venyu, uye ndichakupai mutemo weHupirisita Hutsvene hwangu, sekumiswa kwazvakaitwa neni naBaba vangu nyika isati yavepo.

29 ^aAbrahama akagashira zvoze zvinhu, chose chaakagashira zvacho, nezvakazarurwa nemurairo, nezwi rangu, vanodaro Ishe, uye akapinda mukusimudzirwa kwake uye agere pachigaro chake chekutonga.

30 Abrahama, akagashira ^azvimvimbiso pamusoro pembeu yake, nezvemuchero wechibere-

ko chake—chiri ^bchiuno chama-kabva imi, tichitaura nemazita, muranda wangu Joseph—zvinoramba zvichiitika kana vachiri munyika; uye pane zvaAbrahama nembeu yake, kana vasisiri munyika vanofanira kuenderera mberi; kwose munyika nekunze kwenyika kana vakaramba vakawanda ‘senyenyedzi kusaverengeka; kana kuti dai maiverenga jecha riri pamahombekombe egungwa hamaikwanisa kuvaverenga.

31 Chivimbiso ichi ndechenyuwo imi, nokuti muri ^avaAbrahama, uye chivimbiso chakaitwa kuna Abrahama; uye nemutemo uyu kuenderera mberi kwemabasa aBaba vangu, iro ravanozviunzira kubwinya naro.

32 Endai imi, naizvozvo munaita ^amabasa aAbrahama; pindai imi mumutemo wangu uye muchaponeswa.

33 Asi kana mukasapinda mumutemo wangu hamungagone kugashira chivimbiso chaBaba vangu, icho chavakaita kuna Abrahama.

34 Mwari ^avakaraira Abrahama, uye ^bSara akapa ‘Hagari kuna Abrahama kuti ave mukadzi wake. Uye akazviitirei? Nokuti ndiwo waive mutemo; uye kubva kuna Hagari kwaka-

26c D&Z 82:21; 104:9–10.

d NKM Dhiabhorosi.

27a NKM Kutaura zvisina; Chitadzo Chisingaregererwe.
b Mat. 12:31–32; VaH. 6:4–6; D&Z 76:31–35.
NKM Vanakomana

veKuraswa.

c NKM Kuraswa.

29a NKM Abrahama.

30a Gen. 12:1–3; 13:16.

NKM Abrahama—
Mbeu yaAbrahama;
Chibvumirano chaAbrahama.
b 2 Ni. 3:6–16.

c Gen. 15:5; 22:17.

31a D&Z 86:8–11; 110:12.

32a Joh. 8:39;

Aruma 5:22–24.

34a Gen. 16:1–3.

b NKM Sara.

c Gen. 25:12–18.

NKM Hagari.

uya vanhu vakawanda. Naizvo-zvo, izvi zvaizadzikisa, pane zvimwe zvinhu, zvivimbiso.

35 Ko Abrahamu akange ari pasi pekutongwa here? Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Kwete; nokuti ini Ishe, “ndakazviraina.

36 Abrahamu “akarairwa kuti apire mwanakomana wake ^bIsaka; zvisinei, zvakanga zvakanyorwa kuti; ^cUsauraya. Abrahamu kana zvazvo zvaive zvakadaro, haana kuramba, uye zvakaverengerwa kwaari ^dsekururama.

37 Abrahamu akagashira “varongo, uye vakamuzvarira vana; uye zvakaverengerwa kwaari sekururama, nokuti vakanga vakapihwa kwaari, uye akanga agere mumutemo wangu; sa-Isaka zvakare ^bnaJakobo havana chimwe chinhu chavakaita kunze kwechavakarairwa; uye pamusana pekuti hapana zvimwe zvakaita kunze kwezvakavakarairwa, vakapinda ^cmukusimudzirwa kwavo, maererano nezvivimbiso, uye vagere pazvigarro zveumambo, uye havasi ngirozi asi ndavamwari.

38 “Davidi naiyewo akagashira ^bvakadzi nevarongo vakawanda, uyewo naSoromoni naMosesi varanda vangu, se-

zvakaita vamwe vazhinji vevaranda vangu, kubvira pakutanga pekusika kusvika panguva ino; uye hapana pavakatadza kunze kwemuzvinhu izvo zvakatambira zvisina kubva kwandiri.

39 Vakadzi vaDavidi nevarongo “vakapihwa kwaari neni, neruoko rwaNatamu, muranda wangu, nevamwe vevaporofita vakanga vaine ^bkiyi dzesimba iri; uye muzvinhu izvi hapana paakanditadzira kunze kwenyaya ^cyaUria nemudzimai wake; uye naizvozvo akapuzika pakusimudzirwa kwake, uye akawana mugove wake; uye haachazozviwana asisiri munyika, nokuti ^dndakazvipa kune mumwe, vanodaro Ishe.

40 Ndini Ishe Mwari venyu, uye ndakapa kwaari, muranda wangu Joseph, basa, “rekudzorera zvose zvinhu pakare. Kumbira chose chaunoda, uye chichapihwa kwaari maererano nekutaura kwandaita.

41 Uye sezvo wabvunza pamusoro pehupombwe, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwaari, kana murume akagashira mukadzi muchibvumirano chitsva chisingaperi, uye kana mukadzi akave nemumwe murume, uye ini ndisina kupa mu-

35a Jak. 2:24-30.

36a Gen. 22:2-12.

b NKM Isaka.

c Eks. 20:13.

d Jak. 4:5.

NKM Akarurama.

37a NEMAMWE MAZWI

Vamwe vakadzi.

Gen. 25:5-6.

b Gen. 30:1-4;

D&Z 133:55.

NKM Jakobo,
Mwanakomana
waIsaka.

c NKM Rusimudzirwo.

38a NKM Davidi.

b I Sam. 25:42-43;

II Sam. 5:13;

I Madz. 11:1-3.

39a II Sam. 12:7-8.

b NKM Kiyi

dzeHupirisita.

c II Sam. 11:4, 27; 12:9;

I Madz. 15:5.

NKM Hupombwe;

Kuponda.

d Jer. 8:10.

40a Nh—JS 1:33.

NKM Kudzorera

pakare kweVhangeri.

kadzi iyeyo nokuzodzwa kutsvene, mukadzi iyeyo atoita hupombwe uye achaparadzwa.

42 Kana asiri muchibvumirano chitsva chisingaperi, uye akarara nemumwe murume, "aita upombwe.

43 Uye kana murume wake akarara nemumwe mukadzi, uye ari pasi "pechitsidzo, atyora chitsidzo chake uye aita upombwe.

44 Uye kana mukadzi asina kuita upombwe, asi asina mhosva uye asina kutyora chitsidzo chake, uye achizviziva, uye ndozviratidza kwauri, muranda wangu Joseph, ndipo pachawana simba, kuburikidza nesimba reHupirisita Hwangu Hutsvene, kumutora uye womupa kune uyo asina kuita upombwe asi ari anga "akate ndeseka; nokuti achaitwa mutongi pamusoro pevazhinhji.

45 Nokuti ndaisa pauri "kiyi nesimba rehupirisita umo ^bmandinodzorerwa namo zvose zvinhu, uye ndichiita kuti uzive zvose zvinhu nenguva yakafanira.

46 Uye zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, chiri chipi zvacho chose "chawasungwa kudenga; uye chiri chipi zvacho chose chawasungwa pano pasi,

muzita rangu uye nezwi rangu, vanodaro Ishe, chichasungwa nokusingapapere mumatenga; uye zvitadzo zvaani zvake ^bzvauchachengeta pano pasi zvichachengetwa kudenga.

47 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti, ani zvake waucharopafadza ndichamuropafadza, uye ani zvake wauchatuka "ndichamutuka, vanodaro Ishe; nokuti ini Ishe, ndini Mwari vako.

48 Uye zvakare, zvirokwazvo ndinoti kwauri, muranda wangu Joseph, chose zvacho chaunopa pano pasi, uye nekuna ani zvake waunopa kunaani pano pasi, neshoko rangu uye zvirira maererano nemutemo wangu, zvichashanyirwa nemaropafadzo uye kwete kutukwa, uye nesimba rangu, vanodaro Ishe, uye hazvizeve nokutongwa pano pasi kana nokudenga.

49 Nokuti ndini Ishe Mwari vako, uye ndichave newe kunyangwe kusvika "kumagumo enyika, uye nokusingapere kwose; nokuti zvirokwazvo ^bndinosimbisa pauri "kusimudzirwa kwako, uye ndinokugadzirira chigaro chekutonga muumambo "hwaBaba vangu, naAbrahama baba vako.

50 Tarisai, ndaona "mipiro yako, uye ndichakuregerera

42a D&Z 42:22-26.

43a NKM Chibvumirano; Kuroora.

44a NKM Hunhu.

45a NKM Kiyi dzeHupirisita.

^b Mabasa 3:21; D&Z 86:10.

NKM Kudzorerwa pakare kweVhangeri.

46a NKM Kusungwa.

^b NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

47a Gen. 12:1-3; D&Z 124:93.

49a Mat. 28:20.

^b D&Z 68:12.

^c D&Z 5:22.

NKM Kudaidzwa nekuSarudzwa.

^d Gen. 17:1-8; 2 Ni. 8:2.

50a NKM Kupira.

zvítadzozvako zvose; ndakao-
na mipiro yako mukuteerera
kwako izvo zvandakakutauri-
ra. Enda, naizvozvo uye ndino-
gadzira nzira yekupunyuka
kwako, ^bsekubvuma kwanda-
kaita mupiro waAbrahamawem-
wanakomana wake.

51 Zvirokwazvo, ndinoti kwa-
uri: Ndinopa murairo kumura-
ndakadzi wangu, Emma Smith,
mukadzi wako, uyo andakaku-
pa, kuti azvimise uye arege ku-
tora zvandakange ndakuraira
kuti upe kwaari, nokuti ndaka-
zviita, vanodaro Ishe, kukuye-
dzai mose, sezvandakaita
Abrahamawem, uye kuti ndingazoda
mupiro kubva muruoko rwa-
ko, kuburikidza nechibvumi-
rano nekuzvipira.

52 Uye rega murandakadzi
wangu, ^aEmma Smith, agashire
vose avo vakapihwa kumura-
nda wangu Joseph, uye vari
vanehunhu uye vakachena pa-
mberipangu; uye avo vasina
kuchena, uye vakataura kuti
vakachena, vachaparadzwa,
vanodaro Ishe Mwari.

53 Nokuti ndini Ishe Mwari
vako, uye iwe uchateerera izwi
rangu; uye ndinopa kumura-
nda wangu Joseph kuti aitwe
mutongi muzvinhu zvakawa-
nda nekuti ^aakatendekamuzvi-
nhu zvishoma, uye kubvira
zvino ndichamusimbisa.

54 Uye ndinoraira murandaka-
dzi wangu, Emma Smith, kuti

agare uye anamatire pamura-
nda wangu Joseph, pasina mu-
mwezve. Asi kana asina kana
akasagara murairo uyu achapa-
radzwa, vanodaro Ishe; nokuti
ndini Ishe Mwari vako, uye
ndinomuparadza kana asinga-
gare mumutemo wangu.

55 Asi akasagara murairo uno,
ndipo muranda wangu Joseph
achamuitira zvose zvinhu, ku-
nyangwe sezvaakataura; uye
ndichamuropafadza ndigomu-
pamhidzira uye ndigopa kwaari
zvapaketwa ^akazana munyika
muno, zvmadzibabamadzimai,
nevakomanevevanin'ina,
nehanzvadzi, dzimba neminda,
vakadzi nevana, uye nekorona
dzeupenyu ^bhwokusingaperi
munyika dzokusingaperi.

56 Uye zvakare, zvirokwazvo
ndinoti, murandakadzi wangu
^angaaregerere muranda wangu
Joseph kutadza kwake; uye
ndipo paanozoregererwa kuta-
dza kwake, uko kwaakatadzira
ini; uye ini Ishe Mwari venyu,
ndichamuropafadza, uye ndi-
gomukudza, uye ndoita kuti
mwoyo wake ufare.

57 Uye zvakare, ndinoti mu-
randa wangu Joseph ngaarege
kubvisa midziyo yake mumao-
ko ake, potse muvengi angau-
ye akamuparadza; nokuti
Satani ^aanotsvaga kuparadza;
nokuti ndini Ishe Mwari venyu,
uye iye muranda wangu; uye
tarisai, uye muone, ndinaye,

50b Gen. 22:10-14;
D&Z 97:8.

52a NKM Smith, Emma
Hale.

53a Mat. 25:21;

D&Z 52:13.

55a Marko 10:28-31.

^b NKM Mhuri—Mhuri
yekusingaperi;
Upenyu

Hwokusingaperi.

56a NKM Regerera.

57a Mat. 10:28.

sezvandakange ndiina Abrahama, baba vako, kunyangwe kusvika ^bmukusimudzirwa nokubwinya kwake.

58 Zvino, zviri maererano nemutemo “wehupirisita, kune zvinhu zvizvhinji pamusoro pahwo.

59 Zvirokwazvo kana munhu akaidzwa naBaba vangu, sezvaka itwa “Aroni, nezwi rangu, nezwi reuyo akandituma, uye ndakamupa ^bkivi dzesimba rehupirisita huno, kana akaita chii zvacho muzita rangu, uye zviri maererano nemutemo wangu nezwi rangu, haana chitadzo chaaita, uye ini ndinomureverera.

60 Naizvozvo, ngaparege kuva nemunhu anoshora muranda wangu Joseph; nokuti ndichamureverera; nokuti achaita mupiro wandirikuda kubva mu maoko ake pakutadza kwake, vanodaro Ishe Mwari venyu.

61 Uye zvakare, maererano nemutemo weHupirisita—kana murume upi zvake akarooru “mhandara, uye akada kuroora ^bmumwe, uye wekutanga akamupa mvumo, uye kana akarooru wechipiri, uye vari mhandara, asi vasina kumbotsidzirana nemumwe murume, ipapo haana mhosva; haagone kuita upombwe nokuti akavapihwa; nokuti haagone kuita hupombwe neuyo anove wake uye asiri wemumwe.

62 Uye kana akave nemhandara gumi dzaapihwa nemutemo uno, haangaite hupombwe, nokuti ndedzake, uye akadzipihwa; nokudaro haana mhosva.

63 Asi mumwechete kana mumwe wemhandara gumi idzi, mushure mekunge aroorwa, akave nemumwe murume, iyo-yo mhandara yaita hupombwe, uye ichaparadzwa; nokuti vanopihwa kwaari kuti “vawande nokuzadza nyika, maererano nemutemo wangu, uye nokuza-dzikisa chivimbiso chakapihwa naBaba vangu hwaro hwenyika husati hwavepo, uye nokusimudzirwa kwavo munyika dzokusingaperi, kuti vagozvara mweya yevanhu; nokuti imomu ^bbasa raBaba vangu rinoenderera mberi richiitwa, kuti vagorumbidzwa.

64 Uye zvakare, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana murume upi zvake aine mukadzi, aine makiyi esimba rino, uye akamudzidzisa mutemo wehupirisita hwangu, uri maererano nezvinhu izvi, anofanira kuzvitenda uye nokumushandira, kana kuti achaparadzwa, vanodaro Ishe Mwari venyu; nokuti ndichamuparadza; nokuti ndichakudza zita rangu pane avo vose vanogashira nokugara mumutemo wangu.

65 Naizvozvo, uchave mutemo mandiri, kana mukadzi akasagashira mutemo uno, kuti iye

57b NKM Rusimudzirwo.

58a D&Z 84:19–26.

NKM Hupirisita.

59a VaH. 5:4.

NKM Aroni, Mukoma

waMosesi.

^b NKM Kivi

dzeHupirisita.

61a NKM Mhandara.

^b Chirevo cheChechi—1.

NKM Kuroora—
Barika.

63a Gen. 1:26–28;

Jak. 2:30.

^b Mos. 1:39.

murume agashire zvose zvinhu kana zviru zviyi zvazvo ini, Ishe Mwari vake, zvandinenge ndamupa, nokuti mukadzi haana kutenda akamushandira maererano nezwi rangu; uye zvinu mukadzi anobva ave ndiye mutadzi; uye iye murume haachabatwe nemutemo waSara, uyo akashandira Abrahamama zviru maererano nemutemo

pandakaraira Abrahamama kuti atore Hagari semukadzi wake.

66 Uye zvino, maererano nemutemo uno, zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwauri, ndicharatidza zvizhinji kwauri, pashure; nokudaro, rega izvi zvive zvakakwana kwenguva ino. Tarisai, ndini Arfa naOmega. Amenii.

CHIKAMU 133

Zvakazarura zvakapihwa kuburikidza naJoseph Smith Muporofita, paHiram, Ohio, 3 Mbudzi 1831 (History of the Church, 1:229–234). Achitsanangura chakazarurwa chino Muporofita akanyora kuti, “Panguva iyi paive nezvinhu zvizhinji zvaidda kuzivikanwa nemaGosa maererano nokuparidzwa kweVhangeri kuvagari vemunyika, uye pamusoro pekuunganidza; uye kuti tifambe nechiedza chechokwadi, nokuti tidzidziswe kubva kumusoro, musi wa3 Mbudzi, 1831, ndakabvunza kuna Ishe uye ndikagashira zvakazarurwa zvakakosha zvinotevera” (History of the Church, 1:229). Chikamu chino chakatanga kuiswa mubhuku reDzidziso neZvibvumirano sezvakapamhidzirwa, asi ndokuzoiswa sechikamu mumashure.

1–6, Vatendi vanorairwa kuti vagadzirire Kuuya kweChipiri; 7–16, vose vanhu vanorairwa kuti vatize kubva kuBabironi, vauye kuZioni, uye vagogadzirira zuva guru raIshe; 17–35, Achamira paGomo reZioni, nyika dzichave nyika imwechete, uye marudzi akarasika eIsraeri achadzoka; 36–40, Vhangeri rakadzorwa kuburikidza naJoseph Smith kuti riparidzwe pasi pose; 41–51, Ishe vachauya pasi kuzodzorerwa vakaipa; 52–56, Richave gore revake vakanunurwa; 57–74, Vhangeri richatumi-

rwa kunoponesa Vatendi nokuzoparadza vakaipa.

TEEERERAI, imi vanhu vechechi yangu, vanodaro Ishe Mwari venyu, uye munzwe izwi raIshe pamusoro penyu—

2 Ishe vachangoerekana “auya kutemberi yake; Ishe vachauya pasi munyika ^bnokutuka nokutonga; hongu, pamarudzi ose anokanganwa Mwari, napane vose vasina humwari pakati penyu.

3 Nokuti “achafugura ruoko

rwake rwutsvene mumaziso emarudzi ose, uye nekumiganhu yose yenyika vachaona ^bruponeso rwaMwari vavo.

4 Nokudaro gadzirirai imi, gadzirirai imi, vanhu vangu; zvichenesei pachenyu; unganai pamwechete, imi vanhu vechechi yangu, munyika yeZioni, mose imi musina kurairwa kuti mugare.

5 Endai imi mubude ^amuBabironi. Ivai ^bmakachena imi mnotakura midziyo yaIshe.

6 Daidzai magungano matsvene enyu, uye mugare ^amuchitaura pachenyu. Uye munhu wose ngaadaidze kuzita ralshe.

7 Hongu, zvirokwazvo ndinoti kwamuri zvakare, nguva yasvika apo izwi ralshe rave kwamuri: Endai mubude muBabironi; ^aunganidzai kubva mumarudzi, kubva kumhepo ^bina, kubva kumucheto mumwechete wedenga kusvika kune mumwe.

8 ^aTumirai magosa echechi yangu kumarudzi ari kure, ^bkuzvitsuwa zvegungwa; tumirai kunyika dzevatorwa; daidzai kumarudzi ose, kutanga ^ckumaJentairi, uye muzoenda ^dkuvajuda.

9 Uye tarisai, uye muone, uku ndikokuchave kuchema kwavo, nezwi ralshe kuvanhu vose: Endai imi kunyika yeZioni, kuti miganhu yevanhu vangu ikudzwe, uye kuti ^ahoko dzayo dzisimbiswe, uye kuti ^bZioni iende kumatunhu akatenderedza.

10 Hongu, regai kuchema kumende mukati mevanhu vose: Mukai uye musimuke uye munde kunotambira ^aChikomba: Tarisai, uye muone, Chikomba ari kuuya; budai munomutambira. Zvigadzirirei zuva ^bguru ralshe.

11 ^aRindirai, naizvozvo, nokuti ^bhamuzive zuva racho kana nguva yacho.

12 Varegei naizvozvo, avo vari ^apakati pemaJentairi vatizire ^bkuZioni.

13 Uye avo ^avekwajuda ngvatizire ^bkuJerusarema, ^ckumakomo ^demba yaIshe.

14 Endai mubve pakati pamarudzi, kunyangwe kubva muBabironi, kubva pakati pehuipi, kunova Babironi yemweya.

15 Asi zvirokwazvo, vanodaro Ishe, kutiza kwenyu ngakusave ^anekukurumidza, asi regai

3b Isa. 12:2; 52:10.
NKM Hurongwa
hweRununuro;
Ruponeso.

5a Aruma 5:57;
D&Z 1:16.
NKM Baberi, Babironi;
Zvemunyika.

b II Tim. 2:21;
3 Ni. 20:41;
D&Z 38:42.
NKM Chakachena.

6a Mara. 3:16-18.

7a D&Z 29:8.
NKM Israeri—

Kuunganidzwa kwa
Israeri.

b Zek. 2:6-7;
Marko 13:27.

8a NKM Basa
reKushumira.

b Isa. 11:11; 1 Ni. 22:4;
2 Ni. 10:8, 20.

c NKM Majentairi.
d NKM majuda.

9a Isa. 54:2.
NKM Hoko.

b NKM Zioni.

10a Mat. 25:6;
D&Z 33:17-18;

45:54-59.
NKM Chikomba.

b D&Z 1:12-14.

11a Marko 13:32-37;
JS—Mat. 1:46, 48.

b D&Z 49:7.

12a D&Z 38:31, 42.

b NKM Zioni.

13a NKM Juda.

b NKM Jerusarema.

c Isa. 2:1-3; Ezk. 38:8.

d Mpi. 122:1-9.

15a Isa. 52:10-12;

D&Z 58:56.

zvose zvinhu zvitange zvagadzirwa pamberi penyū; uye uyo anoenda, ^bngaarege kucheuka potse angayerekane awirwa nokuparadzwa.

16 ^aTeerera uye munzwe, imi vagari vepasi. Teerera, imi magosa echechi yangu pamwechete, uye munzwe izwi ralshe; nokuti anodaidza vose vanhu, uye anoraira vose vanhu kwose kuti ^bvatendeuke.

17 Nokuti tarisai, Ishe Mwari ^avatuma ngirozi ichidaidzira pakati pedenga, ichiti: Gadzirirai nzira yaIshe, uye muite nzira dzake ^bdzitwasanuke, nokuti nguva yake ^cyekuuya yave pedyo—

18 Apo ^aGwayana richamira pamusoro ^bpeGomo reZioni, uye riine ^czana nemakumi nemana ezviuru, vaine zita raBaba varo rakanyorwa pahuma dzavo.

19 Nokudaro, gadzirirai ^akuuya ^bkweChikomba; endai, endai mubude munomugashira.

20 Nokuti tarisai, ^aachamira paGomo reMiorivi, uye napa-gungwa guru, kunyangwe rakadzama zvikuru, uye nepa-

zvitsuwa zvegungwa, uye nemunyika yeZioni.

21 Uye ^aachataura izwi rake richibva ^bmuZioni, uye achataura ari Jerusarema, uye izwi rake richanzwikwa pakati pevanhu vose.

22 Uye richave izwi rinoita ^asezwi remvura zhinji, uye sezwi ^bremabhanan'ana makuru kukuru, uko ^ckuchapunza makomo, uye nhika hadzizowanikwa.

23 Acharaira iro reudzami hukuru, uye rigotinhirwa shure kunyika dzekuchamhembe, uye ^azvitsuwa zvichave nyika imwechete;

24 Uye nyika ^ayeJerusarema nenyika yeZioni dzichadzorerwa kunzvimbo dzadzo, uye nyika ichave sezvayakanga yakaita mumazuva ayakanga isati ^byaganurwa-ganurwa.

25 Uye Ishe, kunyangwe Muponesi, vachamira pakati pevanhu vake, uye ^aachatonga pamusoro penyama yose.

26 Uye avo vari munyika ^adzekuchamhembe vachauya mukurangarirwa pamberi paIshe; uye maporofita vavo

15b Gen. 19:17, 26;
Ruka 9:62.

16a D&Z 1:1-6.

^b NKM Rutendeuko.

17a D&Z 13:1; 27:7-8;
88:92.

^b Isa. 40:3-5.

^c Mara. 3:1.

18a Zvaka. 14:1.

NKM Gwayana
raMwari.

^b D&Z 84:2.

^c Zvaka. 7:1-4.

19a Mat. 25:1-13;

D&Z 33:17-18; 88:92.

NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

^b NKM Chikomba.

20a Zek. 14:4;

D&Z 45:48-53.

21a Joere 3:16; Amosi 1:2.

^b Isa. 2:2-4.

22a Ezk. 43:2; Zvaka. 1:15;

D&Z 110:3.

^b Mpi. 77:18;

Zvaka. 14:2.

^c Vat. 5:5; Isa. 40:4; 64:1;

Zvaka. 16:20;

D&Z 49:23; 109:74.

23a Zvaka. 6:14.

24a NKM Jerusarema.

^b Gen. 10:25.

NKM Pasi—

Kupatsanura

kwepasi pasi.

25a NKM Jesu Kristu—

Kutonga paMereniari

kwaKristu.

26a Jer. 16:14-15;

D&Z 110:11.

NKM Israeri—

Marudzi gumi

akarasika aIsraeri.

vachanzwa izwi rake, uye havachazovidzora pachavo; uye vacharova matombo, uye chando chichayerera pamberi pavo.

27 Uye “mugwagwa mukuru uchavakwa pakati pegungwa.

28 Vavengi vavo vachave nyama yavo.

29 Uye nemumagwenga “asina chinhu muchaita madziva emvura yeupenyu; uye pasi pakaoma haichazove nyika inenyota.

30 Uye vachauya nepfuma yavo inokosha kuvana “vaEfraimi, varanda vangu.

31 Uye miganhu “yezvikomo zvisingaperi ichadendera pamberi pavo.

32 Uye ipapo vachawira pasi uye vopfekedzwa kubwinya, kunyangwe muZioni, nemaoko evaranda vaIshe, kunyangwe vana vaEfraimi.

33 Uye vachazadzwa “nenziyo dzerufaro rwusingaperi.

34 Tarisai, aya maropafadzo aMwari vasingaperi pavana “vemadzinza elsraeri, uye maropafadzo akakura akakosha kupfuura aya pamusoro ^bpaeEfraimi nevanomutevera.

35 Uye naivowo vedzinza “raJuda, mushure mekurwadziwa kwavo, vachacheneswa ^bmu-

hutsvene pamberi paIshe, kuti vagare siku nesikati, narinhi narinhi.

36 Uye zvino, zvirokwasvo vanodaro Ishe, kuti zvinhu izvi zvizivikanwe pakati penyuu, vagari vemunyika, ndatumira “ngirozi yangu ichibhururuka nepakati pedenga, ine ^bvhangeri risingaperi, yakazviratidza kune vamwe uye ikariisa kuvanhu, iyo ichazviratidza kuvazhinji vagere panyika.

37 Uye “vhangeri iri ^brichaparidzwa kune ^crwose rudzi, nendudzi, nendimi, nevanhu.

38 Uye varanda vaMwari vachauya, vachiti nezwi guru: Ityai Mwari uye mupe mbiri kwaari, nokuti nguva yekutonga kwake yauya;

39 Uye “munamatei akaita denga, nenyika, negungwa, nezvisipiti zvemvura—

40 Muchidaidza zita raIshe siku nesikati, muchiti; dai imi “maitsemura matenga, kuti mudzike pasi, kuti makomo ayere-re nokuda kwekuvepo kwenyu.

41 Uye zvichapindurwa pamisoro yavo; nokuti kuvepo kwaIshe kuchaita semoto unonyungudutsa uri kubvira, uye semoto unoita kuti mvura “ifashaire.

42 Ishe, muchauya pasi kuzoita

27a Isa. 11:15–16;
2 Ni. 21:16.

29a Isa. 35:6–7.

30a Zek. 10:7–12.

NKM Efraimi—Rudzi
rwaEfraimi.

31a Gen. 49:26.

33a Isa. 35:10; 51:11;
D&Z 66:11.

34a NKM Israeri—

Marudzi gumi
nemaviri elsraeri.

^b Gen. 48:14–20;

I Mak. 5:1–2;

Eta 13:7–10.

35a NKM Juda—Rudzi
rwajuda.

^b NKM Hutsvene.

36a Zvaka. 14:6–7;
D&Z 20:5–12.

^b NKM Kudzorera
pakare kweVhangeri.

37a NKM Vhangeri.

^b NKM Basa re-
Kushumira; Paridza.

^c D&Z 42:58.

39a NKM Kunamata.

40a Isa. 64:1–2.

41a Jobo 41:31.

kuti zita renyu rizivikanwe kuvavengi venyu, uye ose marudzi achadendera pamberi penyu—

43 Pamunoita zvinhu zvinotyisa, zvinhu zvavasingatarisire;

44 Hongu, pamunouya pasi, uye makomo achayerera nokuonai, “muchasangana naye uyo anofara uye anoshanda mukururama, uyo anokurangarirai nenzira dzenyu.

45 Nokuti kubvira kutanga kwenyika hakuna munhu ati ambonzwa kana kunzwisisa nenzeve, kana ziso ripi zvaro rati raona, Mwari, kunze kwenyu, kuti zvakakura sei zvinhu “zvamakagadzirira uyo ^banomirira imi.

46 Uye zvichanzi: “Ndiani iye-yu ^banouya pasi kubva kuna Mwari kudenga aine nhumbi dzeruvara; hongu, anobva kumatunhu asingazivikanwe, akapfeka nhumbi dzake dzinoshamisa, anofamba ari muhukuru hwesimba rake?

47 Uye ahati: Ndini ndakataura mukururama, nesimba guru rekuponesa.

48 Uye Ishe vachange aine nhumbi “tsvuku, uye nhumbi dzake dzakaita sedze uyo anotsika muchitsviniro chewaini.

49 Uye kubwinya kwekuvapo kwavo, kuchave kukuru zvekuti “zuva richaviga chiso charo

nokunyara, uye mwedzi uchadzima chiedza chawo, uye nyenyedzi dzichabva panzvimo padzo.

50 Uye izwi ravo richanzwika: “Ndatsika-tsika chisviniro chewaini ndega, uye ndaunza kutonga kunge vose vanhu; uye hakuna vangevaineneni;

51 Uye ndavatsika-tsika mukushatirwa kwangu, uye ndikavatsika muhasha dzangu, uye, ropa ravo “ndarimwaya panhumbi dzangu, uye ndikavsvibisa mbatya dzangu dzose; nokuti iri range riri zuva reku-tsinidza zvange zviri mumwoyo mangu.

52 Uye zvino gore revangu vakanurwa rauya; uye vachatura rudo rwemwoyo wa-Ishe vavo, uye nezvose izvo zvavakaisa pavari maererano nokunaka kwavo, uye nemaererano nerudo rwemwoyo munyoro wavo, nariini nariini.

53 “Mukutambudzika kwavo kwose naivowo vakangavachitambudzwa. Uye ngirozi yekuvapo kwavo yakavaponesa; uye ^bmurudo rwavo, nemutsitsi dzavo, ‘vakavanunura, vakavasi-mudza, uye vakavatakura ose mazuva akare;

54 Hongu, ^anaEnokiwo, neavo vaive naye; vaporofita vaivepo asati avepo; ^bnaNoawo, neavo

44a I VaT. 4:15-18.

45a Isa. 64:4; I VaKori. 2:9.

^b MJer. 3:25;

2 Ni. 6:7, 13.

46a Isa. 63:1-2.

^b NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

48a Gen. 49:11-12;

Ruka 22:44;

Zvaka. 19:11-15;

DJS, Zvaka. 19:15;

Mosaya 3:7;

D&Z 19:18.

49a Isa. 13:10; 24:23;

D&Z 45:42; 88:87.

50a Isa. 63:2-3;

D&Z 76:107; 88:106.

51a Zvaka. 8:30.

53a Isa. 63:4-9.

^b NKM Rudo

Rwakadzama.

^c NKM Akanunura.

54a NKM Enoki.

^b NKM Noa, Tateguru

vemuBhaibheri.

vaivepo asati avepo; ‘Mosesiwo, neavo vaive asati avepo;

55 Uye kubva kuna Mosesi kusvika kuna Erija, uye kubvira kuna Erija kusvika kuna Johane, aive naKristu “pakumuka kwa-ke kuvakafa, nevaapositori vatsvene, naAbrahama, Isaka, naJakobo, vachave pane Gwayana.

56 Uye “nemakuva ^bevatendi ‘achazururwa; uye vachauya uye vozomira ^akurudzi rweGwayana, paachamira ^cpaGomo reZioni, nepaguta dzvene, Jerusarema ^fIdzva; uye vachii- mba ^grwiyo ^hrweGwayana, masikati nehusiku nariini nariini.

57 Uye nechikonzero ichi, kuti vanhu vaitwe vadyi “vekubwinya kwaizoratidzwa, Ishe vakatumira kuzara ^bkwevhangeri ravo, chibvumirano chavo chisingaperi, vachitaura zviri pachena uye zvakajeka—

58 Kugadzirira avo vasina simba kuitira izvo zvinhu zviri-kuuya panyika, uye kuitira nebasa raIshe muzuva iro avo “vasina simba vachanyadzisa vakangwara, uye ^bvadiki voita

rudzi rwakasimba, uye “vaviri vachakonzero kuti makumi ezviuru zvavo atize.

59 Uye nezvinhu zvisina simba zvenyika Ishe “vachapura marudzi nesimba reMweya wavo.

60 Uye nechikonzero ichi, mirairo yakapihwa; yakarairwa kuti haifanire kuzivikanwa kunyika nezuva iroro rayakapihwa, asi zvino “yochienda kune ^bchenyama chose—

61 Uye izvi zviri maererano nepfungwa nechido chalshe, uyo vanotonga yose nyama.

62 Uye kune uyo “anotendeuka uye ^bachizvichenesa pamberi paIshe achapihwa upenyu “hwokusingaperi.

63 Uye kune avo “vasingateere kuizwi raIshe kuchazadzikiswa zvakanorwa nemuporofita Mosesi, kuti ^bvachabviswa mukati mevanhu.

64 Uyewo neicho chakanorwa nemuporofita “Maraki: Nokuti, tarisai, ^bzuva riri kuuya apo “richapisa sehovhoni, uye vose vanodada, hongu, uye vose vanokuita kwakaipa, vachave

54c NKM Mosesi.

55a NKM Kumuka
Kuvakafa.

56a D&Z 29:13.

b NKM Mutendi.

c D&Z 45:45–46;
88:96–97.

d Mat. 25:33–34.

e Isa. 24:23;

Zvaka. 14:1;
D&Z 76:66; 84:2,
98–102.

f NKM Jerusarema
Idzva.

g Zvaka. 15:3;
D&Z 84:98–102.

h NKM Gwayana

raMwari.

57a NKM Matanho
eKubwinya.

b NKM Vhangeri.

58a Mat. 11:25;

I VaKori. 1:27;
Aruma 32:23; 37:6–7.

b Isa. 60:22.

c Deut. 32:29–30.

59a Mika 4:11–13.

60a D&Z 104:58–59.

b D&Z 1:2.

62a NKM Rutendeuko.

b D&Z 88:74.

NKM Kutsveneswa.

c NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

63a NKM Teerera.

b Mabasa 3:22–23;

1 Ni. 22:20–21;

3 Ni. 20:23; 21:11;

D&Z 1:14;

Nh—JS 1:40.

64a Mara. 4:1.

NKM Maraki.

b Nh—JS 1:36–37.

c Isa. 66:15–16;

1 Ni. 22:15;

3 Ni. 25:1;

D&Z 29:9; 64:24.

NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano.

semashanga; uye musu uri kuu-
ya uyu uchavapisa, vanodaro
Ishe vehondo, zvekuti uchava-
siya vasina mudzi kana bazi.

65 Nokudaro, iyi ndiyo ichave
mhinduro yaIshe kwavari:

66 Muzuva iro randakauya
kune vangu, hakuna munhu
pakati penyu “akandigashira,
uye mukatandani swa.

67 Pandakaididza zvakare ha-
pana mumwe wenyu akapindu-
ra; asi “ruoko rwangu rwakanga
rwusina kana kupfupika zveku-
ti ndaitadza kununura, kunya-
ngwe ^bsimba rangu rekuponesa.

68 Tarisai, nokutsiura kwa-
ngu “ndinoomesa gungwa.
Ndinoita hova dzive marenje;
hove dzacho dzinhuhwe, uye
dzife nenyota.

69 Ndinopfekedza matenga

kusviba, uye nokuita nhumbi
dzemasaga chishongo chawo.

70 Uye “izvi ndizvo zvamu-
chawana kubva muruoko
rwangu — mucharara pasi mu-
kuswa.

71 Tarisai, uye muone hakuna
angakuponesei; nokuti hamuna
kuteerera izwi rangu pandaka-
kudaidzirai ndiri mumatenga;
hamuna kutenda varanda va-
ngu, uye “pavakatimirwa kwa-
muri hamuna kuvagashira.

72 Nokudaro, “vakasimbisa
uchapupu uye vakasunga mute-
mo, uye imi mukaiswa murima.

73 Ava vachaenda kurima re-
kunze, uko kune “kuchema, uye
nokuwuwura, nekugeda-geda
kwemeno.

74 Tarisai Ishe Mwari venyu
vazvitaure. Amen.

CHIKAMU 134

*Chirevo chechitendero pamusoro pedzihurumende nemitemo yose, zva-
katorwa nekutenderana kwemunhu wose pagungano reChechi yakaitwa
paKirtland, Ohio, 17 Nyamavhuwuhu 1835 (History of the Church,
2:247-249). Paive pamuchechei wevatungamiri veChechi, vakaunzwa
pamwechete kuti vazoona zvakanga zvichizoiswa mukudhindwa kwekuta-
nga kweDzidziso neZvibvumirano. Panguva iyoyo, chirevo chino chakapi-
hwa musumo unoti: “Kuti zvatintenda pamusoro pehurumende yepano
pasi nemitemo yose yose zvisazotsanangurwa zvisiri izvo kana kusanzwisi-
swa, tafunga kuti zvakafanira kuti tipe, mukupera kwebhuku rino, pfu-
ngwa dzedu pamusoro pazvo” (History of the Church, 2:247).*

1-4, Hurumende dzinofanira ku-
chengetedza rusununguko rwepfu-
ngwa nerwekunamata; 5-8, vose
vanhu vanofanira kutsigira huru-

memde dzavo uye vanosungirwa
kukudza nokutya mutemo; 9-10,
Zvikwata zvekunamata hazvifanire
kuita masimba ekutonga; 11-12,

66a Joh. 1:11.
67a 2 Ni. 28:32.
b Isa. 50:2; 2 Ni. 7:2.
68a Eks. 14:21;
Josh. 3:14-17.

70a Isa. 50:11.
71a II Mak. 36:15-16;
Jer. 44:4-5.
72a Isa. 8:16-20.
73a Mat. 8:11-12;

Ruka 13:28;
D&Z 19:5.
NKM Rima,
zveMweya; Gehena.

vanhu vanorevererwa mukuzvidzvirira ivo nezvinhu zvavo.

TINOTENDA kuti “hurumende dzakaiswa naMwari kutira munhu; uye nokuti anovatarisira ^bkuzvipindurira pazviito zvavo maererano nadzo, zvose mukuita mitemo nomukuishandisa, kuitira zvinonakira nokuchengetedza vanhu.

2 Tinotenda kuti hakuna hurumende ingagare murunyararo kunze kwekunge mitemo iyoyo yakaitwa uye ikabatwa zvakanaka zviri zvinopa kumunhu ega-ega “kusununguka ^bmupfungwa dzake, kodzero yekuve nezvinhu nekuzvishandisa, ‘nokudzivirira upenyu.

3 Tinotenda kuti dzose hurumende dzinofanirwa kuva “nevashandi nevatongi vedzimhosva kuitira kuti mitemo yavo itevedzwe; nokuti avo vanozoshandisa mutemo zvakanaka nokuenzanisa vanofanira kutsvagwa nokutsigirwa nezwi revanhu kana iri nyika inotongwa nevanhu, kana kuti nekuda kwamambo.

4 Tinotenda kuti kunamata kwakaiswa naMwari; uye kuti vanhu vanozvipindurira kwavari, uye kwavari chete, mukuita, kunze kwekunge pfungwa dzezvitendero dzavo dzichivaita kuti vakanganise kodzero nerusununguko rwevamwe; asi hatitende kuti mutemo wemu-

nhu une mvumo yekupindira mukuisa mitemo “yekunamata kuti isunge pfungwa dzevanhu, kana kutaurira vanhu zvanofanira kunamata vachiita pane vanhu kana vari vega; kuti anotonga vedzimhosva anofanira kurambidza mhosva, asi kwete kurambidza kufunga; anofanira kuranga mhosva, asi kwete kudzvinyirira rusunguko rwemweya.

5 Tinotenda kuti vanhu vose vanosungirwa kutsigira nokusimudzira hurumende dzakasiyana-siyana idzo dzavanogara madziri, ivo vakadzivirirwa mukodzero dzavo dzakagara dziripo dzisina angadzibvise nemitemo yehurumende dzakadaro; uye kuti kufurira “nekupanduka hazvifanire kumunhu wose akadzivirirwa kudaro, uye anofanira kurangwa pamusoro pazvo; uye kuti dzose hurumende dzine kodzero yokuisa mitemo iyo yavanoona mukufunga kwavo yakanyatsonangana nezvakanakira vanhu; mukudaro vachiyeresira rusunguko rwekufunga.

6 Tinotenda kuti munhu wose anofanira kukudzwa panzvimbo pake, vatongi nevanotonga dzimhosva saizvozvo, vakaiswa kuti vadzivirire vasina mhosva nokuranga vane mhosva; uye kuti vanhu vose vanofanira kuremekedza nokutya “mitemo sezvo kana isipo runyararo no-

134 1a D&Z 98:4-7;
Mis. yeCh. 1:12.
b NKM Kudavira.
2a NKM Kuzvisarudzira.
b NKM Hana.

c D&Z 42:18-19.
3a D&Z 98:8-10.
4a Aruma 21:21-22;
Mis. yeCh. 1:11.
NKM Kunamata.

5a Mis. yeCh. 1:12.
NKM Hupanduki.
6a D&Z 58:21; 88:34.

kuwirirana kunotorerwa nzvimbo nokutya nekushaikwa kwemutemo; mitemo yevanhu ichiisirwa chinangwa chekutonga zvatinoda sevanhu uye semarudzi, pakati pemunhu nemunhu; uye nemitemo mitsvene inopihwa kubva kudeंगा, ichipa mirawu muzvinhu zvirira maererano nemweya, nokuti kutendeka nokunamata, zvose zvinopindurirwa nemunhu kuMusiki wake.

7 Tinotenda kuti vatongi, matunhu, nehurumende vanekodzera, uye vanosungirwa kuisa mitemo inodzivirira wose munhu mukunamata akasununguka; asi hatitende kuti vane kodzero mukutonga yekuti vatorere vanhu mvumo yekuita izvi, kana kuvarambidza mukufunga kwavo, chero chete hanya nokuremekedza zvirira kuratidzwa kumitemo uye idzo pfungwa dzekunamata idzodzi dzisingatsigire zvekufurira kana kumukira.

8 Tinotenda kuti kuparwa kwemhosva kunofanira "kuraंगा zvirira maererano nemamiriro enyaya yacho; kuti kuponda, kutengesa nyika, hugororo, kuba, uye nokukanganisa runyararo rwevanhu, mune zvinhu zvose, zvinofanira kuraंगा maererano nokuipa kwazvo nokuunza kwazvinoita huipi pakati pevanhu, kuburikidza nemitemo yehurumende iyo inenge yaparirwa mhosva yacho; uye kuti kuve nerunyararo nerugare vose vanhu

vanofanira kuuya mberi uye vagoshandisa zvavanogona kunza vanotyora mitemo yakana kuti varangwe.

9 Hatibvume kuti zvakanaka kusanganisa pfungwa dzekunamata nedzehirumende, uko kunoita kuti chimwe chikwata chekunamata chinokurudzirwa uye chimwe chichirambidzwa muzvinhu zvacho zvemweya, uye kodzero dzevanhu vacho senhengo, uye sevagari vemunyika, zvichirambwa.

10 Tinotenda kuti zvose zvikwata zvekunamata zvine kodzero yekugadzirisana nenhengo dzazvo kana dzaita zvisina kufanira, maererano nemitemo nemirau yezvikwata izvozvo; kana kugadzirisana ikoko kuri kwekuwadzana nokumira zvakanaka; asi hatitende kuti chikwata chekunamata chipi zvacho chine simba rekutonga vanhu munyaya yepfuma kana upenyu, kuvatorera zvinhu zvemunyika ino, kana kuvaisa munjodzi yeupenyu kana nhengo dzemuviri, kana kuvaranga nokuvarwadzisa ivo pamuviri. Vanogona chete "kuvabvisa muchikwata chavo, uye vobva vabvisa kwavari ruwadzano rwavo.

11 Tinotenda kuti vanhu vanofanira kuchema kumutemo wevanhu kunogadziriswa zvose zvinotadzwa nezvinosuvisa, apo panenge patadzirwa munhu kana pakanganiswa kodzero yezvinhu kana hunhu, apo pane mitemo yakadaro inogona

kudzivirira izvozvo; asi tinotenda kuti vose vanhu zvakarurama kuti vadzivirire, shamwari dzavo nezvinhu, nehurumende, mukurohwa kusiri pamutemo nekutambudzwa kwevanhu vose munguva, apo pasingakwanisike kusvitsa zvichemo nekukurumidza kumurau, uye kuti pave nekuyamurwa.

12 Tionotenda kuti zvakanaka “kuparidza vhangeri kumarudzi enyika, nekuyambira vakarurama kuti vazviponese kubva mukuora kwenyika; asi hatibvume kuti zvakanaka kupindira

nyaya dzevakatapwa, kana kuparidza vhangeri kwavari kana kuvabhabhatidza zvisingapindirane nezvido kana kuda kwavatenzi vavo, kana kuvafurira kana kuvakurudzira kana nepakadiyi kukonzera kuti vave vasingagutsikane nekugara kwavo muupenyu huno, mukudaro tichikanganisa upenyu hwevanhu; kupindira ikoko tinokuti hakuzi mumutemo uye hakuna kururama, uye kune njodzi kurugare rwehurumende yega yega inobvumira vanhu kuti vagare muhuranda.

CHIKAMU 135

Kuponderwa Chitendero kwaJoseph Smith Muporofita nemukoma wake, Hyrum Smith Patiriyaki weChechi, paCarthage, Illinois, 27 Chikumi 1844 (History of the Church, 6:629–631). Gwaro rino rakanyorwa naGosa John Taylor weDare revaneGumi neVaviri, akaona zvichiitika.

1–2, *Joseph naHyrum vakaponderwa chitendero chavo muJeri reCarthage*; 3, *Hukuru hwechigaro cheMuporofita hwakashambadzwa*; 4–7, *Ropa ravo risina mhosva rinopupura chokwadi nehutsvene hwebasa.*

KUSIMBISA uchapupu hwebhuku rino nehwebhuku raMormoni, tinozivisa ^akuponderwa chitendero chavo, ^bkwaJoseph Smith Muporofita, naHyrum Smith Patiriyaki. Vakapfurwa vari mujeri ^creCarthage, musi wa27 Chikumi, 1844, nenguva dzeshanu ma-

nheru, nemhomho yakange iine pfuti—vakazvinama kuti vave vatema—vaisvika zana nemakumi mashanu kana mazana maviri. ^dHyrum ndiye akatanga kupfurwa akawira pasi zvi-nyoro-nyoro, nokushamiswa akati: *Ndafa ini!* Joseph akasvetuka kubva pafafitera, uye akapfurwa akafa mukuyedza kusvetuka, nokushamiswa akati: *Ishe Mwari vangu!* vose vakapfurwa zvakare vafa kare, nemutowo wakaipisisa, uye vose vakapfurwa kana.

2 ^aJohn Taylor naWillard Richards, vaviri vevaneGumi

12a NKM Basa re-Kushumira; Paridza.
135 1a D&Z 5:22; 6:30.
NKM Kuponderwa

Chitendero.
b NKM Smith, Joseph,
Mwana
c NKM Jeri reCarthage

(USA).
d NKM Smith, Hyrum.
2a NKM Taylor, John.

neVaviri, ndivo vanhu chete vakanga vari mumba umu panguva iyoyo; wekutanga akakuvadzwa zvakaipa nembumburu ina, asi iye zvino ave nani; wechipiri, kuburikidza netsitsi dzaMwari, akapunyuka, asina kunyangwe buri muhanzu yake.

3 Joseph Smith, “Muporofita ^bneMuoni waIshe, akaita zvizhinji, kupfuura mumwe munhu upi zvake akambogara mairi kunze kwaJesu chete, muruponeso rwevanhu munyika muno. Munguva pfupi yemakumi maviri emakore, akunza Bhuku raMormoni, iro rakadudzira nechipo chesimba raMwari, uye akave ndiye akaita kuti rishambadzwe munyika huru mbiri; akatumira ‘kuzara kwevhangeri risingaperi, iro riri mariri, kumativi mana enyika; akaunza zvakazarurwa nemirairo iyo inoumba bhuku reDzidziso neZvibvumirano, nemamwe magwaro mazhinji eungwaru nekuraira zvinoyamura vana vevanhu; akaunganidza zviuru zvizhinji zvaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, akatanga ^dguta guru, uye akasiya mukurumbira nezita zvisingapondwe. Akagara semukuru, uye akafa ari mukuru mumaziso aMwari nevanhu vavo; uye sevanhu vazhinji vaIshe vakazodzwa pasichigare, akasimbisa basa rake nemabasa ake ^eneropa rake; uye ndizvo zvaitawo mukoma

wake Hyrum. Muupenyu vakanga vasina kupatsana, uye murufu havana kusiyanaiswa!

4 Pakaenda Joseph kuCarthage kunozviisa sezvainzi ndizvo zvinodiwa nemutemo, mazuva maviri kana matatu asati apondwa, akati: “Ndiri kuenda ^asegwayana kunouraiwa; asi ndakatsiga serungwanani rwezhezha; ndine pfungwa isina mhosva kuna Mwari, uye nekuvanhu vose. NDICHAFA NDISINA MHOSVA, UYE ZVICHAZOTAURWA NEZVANGU KUNZI — AKAPONDWA PASINA MHOSVA.” — Mangwanani iwayo, mushure mekunge Hyrum agadzirira kuenda — zvinganzi kunouraiwa here? Hongu, nokuti ndozvazvakanga zviri — akaverenga ndima inotevera, pedyo nepakaperera chitsauko chegumi nembiri chaEta, muBhuku raMormoni, uye ndokubva apeta peji yacho kuti azive paakanga agumira:

5 *Uye zvakaaitika kuti ndakana-mata kuna Ishe kuti vanzwire maJentairi nyasha, kuti vave nerudo rwakadzama. Uye zvakaaitika kuti Ishe vakati kwandiri: kana vasina rudo rwakadzama hazvinei kwauri, iwe une rutendo, nokudaro nhumbi dzako ^ddzichacheneswa. Uye pamusana pekuti waona kusimba kwako, uchasimbiswa, kana kusvika mukugara munzvimbo iyo yandakakugadzirira muzimba guru raBaba vangu. Uye zvino, ini . . . ndinooneka maJentairi, hongu,*

3a NKM Muporofita.

b NKM Muoni.

c D&Z 35:17; 42:12.

NKM Kudzorera

pakare kweVhangeri.
d NKM Nauvoo, Illinois
(USA).

e VaH. 9:16–17;

D&Z 136:39.

4a Isa. 53:7.

5a D&Z 88:74–75.

nekuhama dzanguwo dzandinoda, kudakara tasangana pamberi pechigaro ^b*chekutonga kwaKristu, apo pachaziva vose vanhu kuti nhumbi dzangu hadzina kusvibiswa neropa renyu.* ^c*Vapupuri zvino vafa, uye uchapupu hwavo huri kushanda.*

6 Hyrum Smith akanga asvitsa makore makumi mana nemana muna Kukadzi, 1844, uye Joseph Smith akanga ave nemakore makumi matatu nemasere muna Zvita, 1843; uye kubvira zvino mazita avo achaiswa pakati pevakapondwa pamusana pekunamata; uye muvengi murudzi rwega-rwega achayeuchidzwa kuti Bhuku raMormoni, neBhuku rino reDzidziso neZvibvumirano rechechi, zvakatora ropa rakanaka kupfuura rose muzana remakore rechigumi nepfumbamwe kuaunza kuruponeso rwenyika yaparara; uye kuti kana moto uchigona kupisa muti ^a*munyororo kuti Mwari varumbidzwe, zviri nyore sei kuti upise miti yakaoma kuchenesa munda wemuzambiringa wekura. Vakagara mukubwinya; vakafira kubwinya; uye kubwinya mubairo wavo wokusingaperi. Kubva pazera nezera mazita*

avo achadzika kuvana sezvishongo kune vakacheneswa.

7 Vakanga vasina kana mhosva, sezvaigara zvichionekwa, uye vakaiswa mujeri chete nekurangana kwevatengesi nevanhu vakaipa; uye *ropa ravo risina mhosva* pahuriri hwejeri reCarthage chisimbiso chakapamhamha chakanamirwa pahu "Mormoni" chisingagone kurambwa nedare remhosva ripi zvaro pano pasi, uye *ropa ravo risina mhosva* parupawo rwedunhu reIllinois, nerutendo rwakaputsika rweDunhu sezvakatsidzirwa nagavhuna, uchapupu kuchokwadi chevhangeri risingaperi iro risingagone kurambwa nenyika yose; uye *ropa ravo risina mhosva* pamureza werusununguko, uye nepa *bumbiro remitemo* renyika yeUnited States, inhumwa yechitendero chaJesu Kristu, icho chichabata mwoyo yevanhu vanovimbika pakati pamarudzi ose; uye *ropa ravo risina mhosva, neropa risina mhosva* revose vakaponderwa chitendero pasi ^a*peatari yakaonekwa naJohane, richachema kuna Ishe veHondo kudakara atsiva ropa iroro pano pasi. Amenii.*

CHIKAMU 136

Izwi uye nechido chaIshe, chakapihwa kuburikidza naMutungamiri Brigham Young paWinter Quarters, musasa weIsraeri, Dunhu reOmaha, pamahombekombe ekumadokero eRwizi rweMissouri, pedyo neCouncil Bluffs, Iowa (Journal History of the Church [Zvinyorwa zveNhoroo-ndo yeChechi], 14 Ndira, 1847).

5b Eta 12:36-38.
c VaH. 9:16-17.

6a Ruka 23:31.
7a Zvaka. 6:9.

1-16, *Kuti musasa weIsraeri ucharongwa sei parwendo kuenda kumadokero zvinotsanangurwa; 17-27, Vatendi vanorairwa kuti, vagare mumirau yakawanda yevhangeri; 28-33, Vatendi vanofanira kuimba, kutamba, kunamata, uye nokudzidza ungaru; 34-42, Vaporofita vanopondwa kuitira kuti vagokudzwa uye vakaipa vachitongwa.*

IZWI nechido chaIshe nezve Musasa waIsraeri munzendo dzavo dzekuenda kumadokero:

2 Vanhu vose “veChechi ya Jesu Kristu ya Vatendi va Mazuva Ekupedzisira, uye neavo vanofamba navo, ngavazviise muzvikwata, vaine chibvumirano nechivimbiso chekuchengeta yose mirairo nemirau yaIshe Mwari vedu.

3 Zvikwata ngazvirongwe zviine vatungamiri “vemazana, vatungamiri vemakumi mashanu, nevatungamiri vemakumi, paine mukuru nemakurokota ake maviri pamusoro pavo, vari pasi ^bpeVaapositori vaneGumi neVaviri.

4 Uye ichi ndicho “chibvumirano chedu — kuti ^btichafamba tiri mune ^czvisungo zvose zvaIshe.

5 Regai chikwata chega-chega chizvimisire zvose zvipani zvacho chega, ngoro zvekudya zvipfeko, uye nezvimwe zvinodiwa parwendo, zvavanokwanisa.

6 Kana zvikwata zvarongwa ngazvishande nesimba razvo, kugadzirira avo varikusara.

7 Regai chikwata chega-chega, nevatungamiri vacho nevakuru, vafunge kuti vangani vangae nde muchirimo chinotevera; zvino vosarudza varume vaka-simba uye vane unyanzvi, kuti vatore zvipani, mbeu, nemidziyo inodiwa pakurima, kuenda sevavaruri kuti vanogadzirira kudyara mbeu dzezhezha.

8 Regai chikwata chega-chega chitakure zvakaenzana, maerano nekukura kwakaita midziyo yavo, mukutora “varombo, ^bshirikadzi, ^cvasina madzibaba, nemhuri dzeavo vakaenda kuchiuo, kuti kuchema kweshirikadzi nevasina madzibaba, kurege kukwira kunzeve dzaIshe pamusana pevanhu ava.

9 Regai chikwata chega-chega chigadzire dzimba, neminda yekurima mbeu, kuitira avo vari kusara mwaka uno; uye ichi ndicho chido chaIshe maererano nevanhu vavo.

10 Regai munhu wose ashandise rwose ruzivo rwake nezvaainazvo kubvisa vanhu ava achivaendesa kunzvimbo uko Ishe vachamisa “hoko yeZioni.

11 Uye kana mukaita nemwoyo wakachena, nokutendeka kose, mucharopafadzwa; “mucharopafadzwa muhwai dzenyu, nemumombe dzenyu, nemumi-

136 2a NKM Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.
3a Eks. 18:21-26.
b NKM Muapositori.

4a NKM Chibvumirano.
b NKM Famba, Famba naMwari.
c NKM Zvisungo.
8a NKM Muroombo.
b NKM Shirikadzi.

c Jkb. 1:27;
3 Ni. 24:5.
10a NKM Hoko.
11a Deut. 28:1-14.
NKM Kuropafadzwa.

nda yenyu, nemudzimba dzenyu, nemumhuri dzenyu.

12 Regai varanda vangu Ezra T. Benson naErastus Snow varonge chikwata.

13 Uye regai varanda vangu Orson Pratt naWilford Woodruff varonge chikwata.

14 Zvakare, regai varanda vangu Amasa Lyman naGeorge A. Smith varonge chikwata.

15 Uye vadome vakuru, nevatungamiri vemazana neve makumi mashanu, nevemakumi.

16 Uye regai varanda vangu avo vadomwa vaende vanodzidzisa ichi, chido changu, kuvatendi, kuti vagova vakagadzirira kuenda kunyika yerunyararo.

17 Endai munzira menyu uye muite sezvandaraurirai, uye musatye vavengi venyu; nokuti havachazowana simba rekumisa basa rangu.

18 Zioni “ichanunurwa munguva yangu kana yasvika.

19 Uye kana ani zvake munhu akatsvaka kuzvivaka iye pachake, uye akasatsvaka “kuraira kwangu, haazove nesimba, uye hurema hwake huchaiswa pachena.

20 Tsvakai imi; uye “muchengegete zvakatsidzirana mumwe nomumwe; uye ^bmusachive icho chehama yenyu.

21 “Zvibvisei kune zvakaipa kutora zita raIshe pasina, nokuti ndini Ishe Mwari vako, kunyangwe ^bMwari vemadzibaba ako, Mwari vaAbrahama, naIsaka naJakobo.

22 “Ndini iye akatungamira vana veIsraeri kubva munyika yeEgipita; uye ruoko rwangu rwakatambanudzwa mumazuva ekupedzisira, kuti ^bndiponese vanhu vangu veIsraeri.

23 Regai “kukakavadzana; regai kutaura ^bzvakaipa pamusoro pemumwe.

24 Regai “hudhakwa; uye regai mazwi enyu ave anoita kuti ^bmusimbisane.

25 Kana mukakwereta kumuvakidzani wenyu, muchadzorera icho “chamakwereta; kana musingakwanise kubhadhahara zvino endai pakarepo uye munotaurirana nemuvakidzani wenyu, potse asazokubatai nemhosva.

26 Kana mukawana icho “chakarasa nemuvakidzani wenyu, muchashingaira kumutsvaga kudakara manochipa kwaari.

27 “Muchashingaira kuchengeta izvo zvamuinazvo kuti muve ^bmutariri akangwara; nokuti chipo chemahara chaIshe Mwari venyu, uye imi ndimi mutariri wavo.

18a D&Z 100:13.

19a NKM Rairo.

20a NKM Anovimbika.

^b NKM Kuchiva.

21a NKM Kusvibisa.

^b Eks. 3:6; 1 Ni. 19:10.

22a Eks. 13:18;

Jer. 2:5–7;

1 Ni. 5:15;

Aruma 36:28.

NKM Jehova.

^b Jer. 30:10;

Ezk. 20:33–34;

D&Z 38:33.

23a 3 Ni. 11:29–30.

NKM Gakava.

^b D&Z 20:54.

NKM Kutaura

Zvakaipa.

24a NKM Shoko

reUngwaru.

^b D&Z 108:7.

25a Mpi. 37:21;

Mosaya 4:28.

NKM Mungava;

Anovimbika.

26a Zvaka. 6:4;

Deut. 22:3.

27a NKM Hushingi.

^b NKM Mutariri.

28 Kana makafara, rumbidzai Ishe “nokuimba, nenziyo neku-tamba, ^bnomunamato wekuru-mbidza ‘nokutenda.

29 Kana “makasuwa daidzirai kuna Ishe Mwari venyu nemu-namato kuti mweya yenyu ive ^bnemufaro.

30 Musatye vavengi venyu, no-kuti vari mumaoko angu, uye ndichaita zvandinoda navo.

31 Vanhu vangu vanofanira “kuyedzwa muzvinhu zvose kuti vagokwanisa kugashira ^bkubwinya kwandiinako, kana kubwinya kweZioni; uye uyo asingadi ^ckurangwa haakodze-re umambo hwangu.

32 Regai uyo asingazive adzi-dze “ungwaru ^bnokuzvinipisa nokudaidza Ishe Mwari wavo, kuti maziso ake avhurwe kuti aone, nenzeve dzake dzivhu-rwe kuti anzwe;

33 Nokuti “Mweya wangu wakatumwa munyika kuti upe chiedza kune vakazvinipisa nevakatyoka, uye kuitira kuto-ngwa kwevasina humwari.

34 Hama dzako dzakurambai neuchapupu hwenyu, kunya-ngwe rudzi urwo “rwakutandai;

35 Uye zvino kunouya zuva redambudziko ravo, kunya-ngwe mazuva ekusuwa, semu-kadzi anorwadziwa nemimba;

uye kusuwa kwavo kuchakura kunze kwekunge vatendeuka nokukurumidza, hongu, noku-kurumidza chaizvo.

36 Nokuti vakauraya vaprofo-fita, neavo vakanga vatumurwa kwavari; uye vakadeura ropa risina mhosva, iro riri kuvache-mera kubva pasi.

37 Naizvozvo, musashami-swe nezvinhu izvi, nokuti imi hamusati “machena; hamusati mave kugona kutakura kubwi-nya kwangu; asi muchakuona kana muri munotendeka mu-kuchengeta ose mazwi angu ayo ^bandakakupai, kubvira kumazuva aAdama kusvika kuna Abrahamama, kubva kuna Abrahamama kusvika kuna Mose-si, kubva kuna Mosesi kusvika kuna Jesu neVaapositori vake, uye kubva kuna Jesu neVaap-ositori vake kusvika kuna Joseph Smith, uyo andakaidza ‘ne-ngirozi dzangu, varanda vangu vekushandira, nezwi rangu kubva mumatenga, kuti aunze basa rangu;

38 Huri hwaro hwaakahwari-ka, uye achitendeka; uye ndi-kamutora kwandiri.

39 Vazhinji vakashamiswa pamusoro perufu rwake; asi ndozvaidiwa kuti “asimbise ^buchapupu hwake ‘neropa rake,

28a NKM Imba.

b NKM Munamato.

c II Mak. 5:13;

D&Z 59:15–16.

NKM Kupakutendo.

29a II Sam. 22:7.

b NKM Rufaro.

31a D&Z 101:4.

NKM Matambudziko.

b VaR. 8:18;

D&Z 58:3–4.

NKM Kubwinya.

c NKM Kuranga.

32a NKM Ungwaru.

b NKM Akazvinipisa.

33a NKM Mweya

Mutsvene.

34a NKM Kupfuvisa.

37a NKM Chakachena.

b Hir. 8:18.

c Zvaka. 14:6;

D&Z 110:11–16;

128:19–21;

Nh—JS 1:30–47.

39a Mosaya 17:20;

D&Z 135:3.

b NKM Uchapupu.

c NKM Kuponderwa

Chitendero.

kuti iye agokudzwa uye vakai-pa vagotongwa.

40 Handina kukubvisai here “kuvavengi venyu, zvekuti ndakasiya uchapupu hwezita rangu?”

41 Zvino, naizvozvo, teerera, imi vanhu “vechechi yangu; uye nemi magosa teerera pa-

mwechete; magashira ^buma-mbo hwangu.

42 Shingirirai mukuchengeta yose mirairo yangu, potse kutongwa kungauya pamuri, uye kutenda kwenyu kukakundikana, uye vavengi venyu vokukurirai. Saka kwazvino hapasisina. Amen! Amen!

CHIKAMU 137

Chiratidzo chakapihwa kuna Joseph Smith Muporofita, mutemberi pa-Kirtland, Ohio, 21 Ndira 1836 (History of the Church, 2:380–381). Raive zuva rekuita zvemaendawumenti sekuratidzwa kwazvakange zvaitwa.

1–6, *Muporofita anoona munin’ina wake Alvin muumambo hweseresitiyaro; 7–9, Dzidziso yeruponeso rwevakafa inoratidzwa; 10, vose vana vanoponeswa muumambo hweseresitiyaro.*

MATENGA akazururirwa kwatiri, uye ndikaona umambo ^bhweseresitiyaro hwaMwari, nekubwinya kuriko, kuti ndaive ‘mumuviri here kana kuti kunze, handikwanise kuzvitura.

2 Ndakaona kunaka kusingataurike “kwesuwu iro vadyi venhaka yeumambo ihwohwo,

ravachapinda naro, iro raiita sekunge ^bmarimi emoto ari kutenderera;

3 Zvakare chigaro chekutonga chaMwari chaiita sechiri “kubvira, ipo painge pakagara ^bBaba ‘neMwanakomana.

4 Ndakaona migwagwa yacho yakanaka zvikuru yeumambo ihwohwo, yairatidzika sekunge yakanga yakaitwa “negoridhe.

5 Ndakaona Baba ^aAdama ^bnaAbrahama; ‘nababa vangu ^dnamai vangu; munin’ina wangu ‘Alvin, uyo akarara kare kare;

6 Uye ndikashama kuti akawana sei ^anhaka muumambo

40a Eks. 23:22;
D&Z 8:4; 105:15.
41a NKM Chechi yaJesu Kristu.
b Dan. 7:27.
137 1a Mabasa 7:55–56;
1 Ni. 1:8; Hir. 5:45–49;
Nh—JS 1:43.
b NKM Kubwinya kweSeresitiyaro.
c II VaKori. 12:2–4;
1 Ni. 11:1;
Mos. 1:11.

2a 2 Ni. 9:41; 31:17.
b Eks. 24:17;
Isa. 33:14–15;
Hir. 5:23; D&Z 130:7.
3a Isa. 6:1; Ezk. 1:26–28.
b NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Baba.
c NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Mwanakomana.
4a Zvaka. 21:21;

D&Z 110:2.
5a NKM Adama.
b D&Z 132:29.
NKM Abrahamama.
c D&Z 124:19.
NKM Smith, Joseph, Baba.
d NKM Smith, Lucy Mack.
e Nh—JS 1:4.
6a NKM Ruponeso rweVakafa.

ihwohwo, tichiona kuti akabva muupenyu huno Ishe vasati aisa ruoko rwavo kuti aungani-dze Israeri ^bkechipiri, uye aka-nga asina ^ckubhabhatidzwa kuti aregererwe zvitadzo zvake.

7 Ndikokuuya kwakaita ^aizwi raIshe kwandiri, richiti: vose vakafa ^bvasina ruzivo rwevhangeri rino, vangadai vakarigashira dai vakanga vabvumirwa kurarama, vachazove ^cvagari venhaka yeumambo ^dhweseresitiyaro hwaMwari;

8 Zvakare vose vachafa ku-

bvira zvino vasina ruzivo rwaro, avo ^avangadai vakarigashira nemwoyo yavo yose, vachave vadyi venhaka yeumambo ihwohwo.

9 Nokuti ini Ishe, ^andichatonga vose vanhu maererano ^bnemabasa avo, maererano ^cnechido chemwoyo yavo.

10 Uye ndakaona kuti vose vana vanofa vasati vasvika ^azera rekuzvipindurira ^bvanoponeswa muumambo hweseresitiyaro hwekudenga.

CHIKAMU 138

Chiratidzo chakapihwa kune Mutungamiri Joseph F. Smith kuSalt Lake City, Utah, musu wa3 Gumiguru 1918. Mukutaura kwake kwekuzarura muhechi mukuru wekaviri pagore wechimakumi masere nepfumbamwe weChechi, musu wa4 Gumiguru 1918, Mutungamiri Smith akati vakanga vagashira mashoko matsvene akawanda mumwedzi yakanga yapfura. Mamwe emashoko aya, ari nezvekushanya kweMuponesi kumweya yevakafa zvakange muviri wake uri muguva, Mutungamiri Smith akanga azvitambira semarimwezuro acho. Zvakanyorwa pakarepo mumashure mekupera kwemuhechi mukuru uyu. Musu wa31 Gumiguru 1918, zvakaiswa kumakurokota eHutungamiri Hwekutanga, Dare reva-neGumi neVaviri, naPatiriyaki, uye vakazvibvuma vose.

1-10, Mutungamiri Joseph F. Smith anofungisisa pamusoro pezvinyorwa zvaPetro nokushanya kwaIshe wedu kunyika yemweya; 11-24, Mutungamiri Smith anoona vakarurama vakafa vakaungana

muparadiso nehushumiri hwaKristu mukati mavo; 25-37, Anoona kurongwa kwakanga kwakaitwa maparidzirwo evhangeri pakati pemweya; 38-52, Anoona Adama, Eva, nevazhinji vevaporofita va-

6b Isa. 11:11;
1 Ni. 22:10-12;
Jak. 6:2.
NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.
c Joh. 3:3-5;
2 Ni. 9:23;
Eta 4:18-19;
D&Z 76:50-52; 84:74.

NKM Bhabhatidza.
7a Hir. 5:30.
NKM Zvakazarurwa.
b DJS, I Pet. 4:6;
2 Ni. 9:25-26;
Mosaya 15:24.
c D&Z 76:50-70.
d NKM Kubwinya
kweSerestiyaro.
8a Aruma 18:32;

D&Z 6:16.
9a Zvaka. 20:12-13.
NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.
b NKM Mabasa.
c D&Z 64:34.
NKM Mwoyo.
10a NKM Kudavira.
b NKM Ruponeso—
Ruponeso rwevana.

tsvene munyika yemweya, vari avo vaiona magariro avo semweya, vasati vamuka kuvakafa semuhusunywa; 53–60, Vakafa vakarurama vanhasi vanoenderera mberi nemabasa avo munyika yemweya.

MUSI wa3 Gumiguru, mugore rechiuru nemazana gumi nemapfumbamwe ane gumi nesere, ndakagara mumba mangu “ndichifungisisa nezve-magwaro matsvene;

2 Uye ndichifunga pamusoro pemupiro “werudzikinuro rwukuru, wakaitwa neMwanakomana waMwari, ^bkununura nyika;

3 Uye “rudo rwukuru uye rwunoshamisa rwakaraidzwa naBaba neMwanakomana mukuya ^bkweMununuri pasi pano;

4 Kuti kuburikidza “nerudzikinuro rwake, ^bnokuteerera kumimisiboti yevhangeri, vanhu vose vangaponiswe.

5 Pandakanga ndabatikana kudaro, pfungwa yangu yakaenda kuzvinyorwa zvamuapostori Petro, kuvatendi “vekare vakapararira kwose ^bmuPonto, Garatia, neKapadokia, nedzimwe nzvimbo dzeAsia, uko kwakanga kwaparidzwa vhangeri mushure mekuroverwa kwaIshe.

6 Ndakazarura Bhaibheri uye ndikaverenga chitsauko che-

chitatu nechina chegwaro rekutanga raPetro, uye pandakanga ndichiverenga ndakana-kidzwa zvikuru zvandisina kumboitwa kare, nemitsetse inotevera iyi:

7 “Nokuti naiyewo Kristu akambotambudzikira zvitadzo, akarurama kuitira asina kururuma, kuti atiunze kuna Mwari, achipinzwa murufu panyama, asi achamutswa neMweya:

8 “Kuburikidza nawo akaenda kunoparidza kumweya “mutirongo;

9 “Yaive pane dzimwe nguva isinga teerere, apo mwoyo murefu waMwari wakamirira mumazuva aNoa, apo areka yaigadzirirwa umu vashoma zvinoreva kuti mweya misere yakaponeswa nemvura.” (1 Petro 3:18–20.)

10 “Nokuti, nokuda kwechikonzero ichi vhangeri rakaparidzwawo kune avo vakafa, kuti vagotongwa sevanhu vapenyu munyama, asi vagogara maererano naMwari mumweya.” (1 Petro 4:6.)

11 Zvandaifunga pamusoro pezvinhu izvi “zvakanorwa, ^bmaziso ekunzwisisa kwangu akazururwa, uye Mweya waIshe ^cukave pandiri, uye ndikawona mhombho ^ddzevakafa, vose vadiki nevakuru.

138 1a NKM Fungisisa.

2a Mat. 20:28.

NKM Dzikinura.

^b NKM Hurongwa hweRununuro.

3a Joh. 3:16.

NKM Rudo.

^b NKM Mununuri.

4a Mis. yeCh. 1:3.

^b Mat. 7:21.

NKM Anoteerera.

5a NEMAMWE MAZWI vatendi vamazuva ekutanga.

^b I Pet. 1:1.

8a Isa. 61:1;

Ruka 4:18;

D&Z 76:73–74; 88:99.

11a NKM Magwaro

matsvene—Kukosha

kwemagwaro

matsvene.

^b VaE. 1:18;

D&Z 76:10, 12, 19.

^c Isa. 11:2.

^d NKM Mweya.

12 Uye pakanga pakaungana pamwechete isingaverengeke mweya ^ayevakarurama, avo vakanga vari ^bvaitendeka muuchapupu hwaJesu zvakavanga vachigara muopenyu hwekufa;

13 Uye vari ivo vakanga vachipa ^amipiro yaifanana nemupiro mukuru weMwanakomana waMwari, uye ^bvakatambudzwa muzita reMununuri wavo.

14 vose ava vakanga vabva muopenyu hwokufa, vakasimba ^amutariro ^byekumutswa kuvakafa kuburikidza ^cnyasha dzaMwari ^dBaba uye naiyewo neMwanakomana Wavo ^eMumwechete Akaberekwa, Jesu Kristu.

15 Ndakaona kuti vakanga vakazara ^anokufara uye nomufaro, uye vakanga vachifara pamwechete nokuti zuva ravo rokusunungurwa rakanga rave pedyo.

16 Vakanga vakaungana vakamirira kuuya kweMwanakomana waMwari munyika ^ayemweya, kuzotaura kununurwa kwavo kubva ^bmumajoto erufu.

17 Guruva ravo rirere ^arichadzorerwa kuchimiro charo chairo, ^bbvupa kubvupa rake, uye marunda nenyama ari paari,

^cmweya nemuviri zvobatandzwa kuti hazvichambofa zvakasiyaniswa, kuti vagogashira ^drufaro rwuzere.

18 Pakange mhomho iyi yakamirira uye ichitaura, vachifara munguva yavo yekusunungurwa kubva kungetani dzerufu, Mwanakomana waMwari akonekwa, achitaura ^arusununguko kuvasungwa vakanga vakatendeka;

19 Uye ipapo ^aakavaparidzira ^bvhangeri risingaperi, dzidziso yekumuka kuvakafa nokunurwa kwerudzi rwevanhu kubva ^cmukupunzika, nokubva muzvitadzo zvemunhu kuburikidza ^dnekutendeuka.

20 Asi kune ^avakaipa haana kuenda, uye mukati mevasina humwari nevaisatendeuka, vakanga ^bvazvisvibisa vari munyama, izwi rake harina kusimudzwa;

21 Kana avo vakapanduka avo vakaramba uchapupu nyambiro yevaporofita vekare, havana kumuona kana kutarisa pachiso chake.

22 Pavakange vari ava, ^arima raitonga, asi pakati pevakarurama paive ^bnerunyararo;

23 Uye vatendi vakafara

12a D&Z 76:69-70.
b D&Z 6:13; 51:19;
76:51-53.
13a NKM Kupira.
b Mat. 5:10-12.
14a Eta 12:4;
Moro. 7:3, 40-44.
NKM Tariro.
b NKM Kumuka
Kuvakafa.
c NKM Nyasha.
d NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—

Mwari Baba.
e NKM Mumwechete
Akaberekwa.
15a Isa. 51:11;
Aruma 40:12.
16a Ruka 23:43;
Aruma 40:11-12.
NKM Paradiso.
b Morm. 9:13.
17a 2 Ni. 9:10-13.
b Ezk. 37:1-14.
c D&Z 93:33-34.
d NKM Rufaro.

18a Isa. 61:1.
NKM Ruponeso
rweVakafa.
19a D&Z 76:72-74.
b NKM Vhangeri.
c NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.
d NKM Rutendeuko.
20a Aruma 40:13-14.
NKM Gehena; Akaipa.
b 1 Ni. 10:21.
22a NKM Rima, zveMweya.
b NKM Runyararo.

“mukununurwa kwavo, uye vakapfugama ^bnemabvi uye vakaratidza kuti Mwanakonana waMwari ndiye Mununuri wavo neMusununguri wavo kubva murufu ‘nengetani dzegehena.

24 Zviso zvaipenya, uye “kubwinya kwaibva mukuvepo kwalshe kwakawira pavari, uye ^bvakaimba kurumbidza kuzita ravo dzvene.

25 Ndakashamiswa, nokuti ndaiziva kuti Muponesi akapedza makore angangoita matatu mubasa rake pakati pemaJuda neavo vema yaIsraeri, achiedza kuvadzidzisa vhangeri risingaperi nokuvadaidza kuti vatendeuke;

26 Uye asika, kana dai basa rake raive guru, nezvishamiso, nokutaura chokwadi, ^amusimba guru nemvumo, kwaive nevashoma vainzwa izwi rake, uye vachifara paari, uye vakagashira ruponeso kubva mumaoko ake.

27 Asi hushumiri hwake pakati peavo vakanga vakafa hwakave kwechinguva ^achidiki chakavepo kubvira paakarovererwa uye nokumuka kwakwe kuvakafa;

28 Uye ndakashamiswa nemazwi aPetro — apo paakati Mwanakoma waMwari akaparidzira mweya iri mutirongo, avo dzimwe nguva vakanga vasingateerere, apo mwoyo murefu waMwari wakamirira

mumazuva aNoa — uye nokuti zvakagonekwa sei kwaari kuti aparidzire kumweya iyoyo uye achiita basa raidiwa kuti aite pakati pavo munguva pfupipfupi yakadaro.

29 Uye ndichishamiswa kudaro, maziso angu akazarurwa, uye kunzwisisa kwangu ^akukapamhidzirwa, uye ndikaona kuti Ishe havana kuenda ivo pachavo pakati pevakaipa nevasingateerere avo vakanga vakaramba chokwadi, kuti vanovadzidzisa;

30 Asi tarisai, kubva mukati mevakarurama, akaronga zvikwata zvake uye akadoma vatumwa, vakapfekedzwa ^asimba nemvumo, uye akavatuma kuti vaende uye vatakure chiedza chevhangeri kune avo vakanga vari ^bmurima, kana kune ‘yose mweya yevanhu; uye ndiko kuparidzwa kwakaitwa vhangeri kune vakafa.

31 Uye vatumwa vakasarudzwa vakaenda kunotaura zuva ^arakanaka raIshe uye vakaparidza ^brusununguko kuvasungwa vakanga vakabatwa, kana kune vose vaida kutendeuka kubva muzvivi zvavo uye vachigashira vhangeri.

32 Ndiko kuparidzwa kwakaitwa vhangeri kune avo vakanga ^avafa vari muzvitadzo zvavo, vasina ^bruzivo rwechokwadi,

23a NKM Hurongwa

hweRununuro.

^b VaR. 14:11;

Mosaya 27:31.

^c 2 Ni. 1:13;

Aruma 12:11.

24a Mpi. 104:1–2;

Isa. 60:19; Zvaka. 22:5;

Nh—JS 1:17.

NKM Chiedza,

Chiedza chaKristu.

^b NKM Imba.

26a 1 Ni. 11:28.

27a Marko 8:31.

29a D&Z 76:12.

30a Ruka 24:49.

^b NKM Rima, zveMweya.

^c D&Z 1:2.

31a Isa. 61:2;

Ruka 4:17–19.

^b NKM Rusununguko.

32a Joh. 8:21–24.

^b D&Z 128:5.

NKM Ruzivo.

kana mukutyora murau, vari vakaramba vaporofita.

33 Ava vakadzidziswa ^akutenda munaMwari, kutendeuka kubva muchitadzo, rubhabhatidzo ^brwekuitirwa nemumwe kuti ^cvaregererwe zvivi, ^dchipo cheMweya Mutsvene nekugadzwa maoko,

34 Uye neyese mitemo yevhangeri yainge iri yakafanira kwavari kuti vazive kuti vago-kodzera kuti ^avagotongwa sevvanhu venyama, asi vachigara zvirira maererano naMwari mumweya.

35 Uye saka zvakaziviswa pakati pevakafa, vose vadiki nevakuru, vasakarurama nevatatendeka, kuti rununuro rwa-kauya kuburikidza ^anemupiro weMwanakomana waMwari ^bpamuchinjikwa.

36 Ndokuziviswa kwazvakaitwa kuti Mununuri wedu akashandisa nguva yake mukushanya kwake kwekanguva kunyika yemweya, achidzidzisa nokugadzira mweya yakatendeka ^ayevaporofita avo vakanga vapupura nezvake munyama.

37 Kuti vatakure mashoko erununuro kune vose vakafa, kune avo kwaakanga asingagone kuenda iye pachake, pamusana ^apekupanduka kwavo nokutyora murau kwavo, kuti ivo kuburikidza nokushanda kwevaranda vake vanganzwe mazwi ake.

38 Mukati mevakuru nevanotyitiwa vakanga vakaungana mugungano guru iri revakarurama maive naBaba ^aAdama, Mukweguru waMazuva uye baba wavose,

39 Uye naAmai vedu vanokudzwa ^aEva, vaine vazhinji vavo vakavimbika avo vakagara mumazera ose uye vachinamata Mwari wechokwadi nemupenyu.

40 ^aAberi, wekutanga ^bkuponderwa zvaaitenda, aivepo, nemunin'ina wake ^cSeti, mumwe wevaitiyiwa, akanga ari ^dmufananidzo chaiwo wababa vake, Adama.

41 ^aNoa, uyo akayambira vavhu pamusoro pemvura zhinji; ^bShemi, mupirisita ^cwepamusoro mukuru; ^dAbrahama, baba wevatatendeka; ^eIsaka, ^fJakobo,

33a Mis. yeCh. 1:4.
NKM Rutendo.
b NKM Bhabhatidza—
Rubhabhatidzo
rwevakafa;
Zvisungo—Zvisungo
zvinoitirwa vamwe.
c NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.
d NKM Chipochi
cheMweya Mutsvene.
34a NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.
35a Aruma 34:9–16.

NKM Dzikinura;
Kupira.
b NKM Muchinjikwa;
Kuroverwa.
36a D&Z 138:57.
37a D&Z 138:20.
NKM Hupanduki.
38a NKM Adama.
39a Mos. 4:26.
NKM Eva.
40a NKM Aberi.
b NKM Kuponderwa
Chitendero.
c NKM Seti.

d Gen. 5:3; Mos. 6:10.
41a NKM Noa, Tateguru
vemuBhaibheri.
b NKM Shemi.
c NKM Mupirisita
wePamusoro.
d Gen. 17:1–8.
NKM Abrahama.
e Gen. 21:1–5.
NKM Isaka.
f Gen. 35:9–15.
NKM Jakobo,
Mwanakomana
walsaka.

naMosesi, mupi mukuru ^swemutemo weIsraeri;

42 Uye ^aIsaya, akataura nechiporofita kuti Mununuri akazodzwa kuti arape vakao-ra mwoyo, kuparidza rusununguko kune ^bvakasungwa, uye kuzururwa ^ckwetirongo kune avo vakabatwa, vakanga varipowo.

43 Kana ^anaEzekieri, uyo akaratidza muchiratidzozo nhika inotyisa yemapfupa ^bakaoma, ayo aizopfekedzwa nyama, kuti agouya zvakare ^cmukumuka kuvakafa kwevakafa, ave mweya mipenyu;

44 ^aDanieri, uyo akaona uye akataura kumiswa ^bkweumambo hwaMwari mumazuva ekupedzisira, uye husingazoparadzwa zvakare kana kupihwa kune vamwe vanhu;

45 ^aEria, uyo akanga aina Mosesi paGomo ^breKushandurwa;

46 Uye ^anaMaraki, muporofita akapupura pamusoro pekuuya ^bkwaErija—uyowo akaturwa naMoronai kuna Muporofita Joseph Smith, achitaura kuti achauya ^czuva rinotyisa uye guru raIshe risati rauya—vakanga varipowo.

47 Muporofita Erija aizodyara ^amumwoyo yevana zvivimbiso zvakaitwa kumadzibaba avo.

48 Kuratidza ^abasa guru richaitwa ^bmumatembereri aIshe ^cmukowo wekuzara kwenguva, kuti vakafa vanunurwe, ^anokusunganidzwa kwevana kuvabereki vavo, nokuti pasi rose ringarohwe nekutukwa uye ikaparadzwa zvachose pakuyakwake.

49 Zvose izvi nezvimwe zvakawanda, kunyangwe ^avaporofita vaigara mukati memaNifai uye vachipupura kuuya kweMwanakomana waMwari, vaifamba famba mugungano guru iro uye vakamirira kuponeswa kwavo,

50 Nokuti vakafa vakange votarisa kusaveko ^akwemweya yavo mumiviri yavo ^bsehusungwa.

51 Avo Ishe akavadzidzisa, uye akavapa ^asimba rekuuya mushure mekumuka kwake kubva kuvakafa, kuti vapinde muumambo hwaBaba vake imomo kuti vagopfekedzwa ^bkusafa neupenyu ^chwokusingaperi.

41g NKM Mosesi.

42a NKM Isaya.

b Isa. 61:1–2.

c NKM Gehena.

43a NKM Ezekieri.

b Ezk. 37:1–14.

c NKM Kumuka

Kuvakafa.

44a NKM Danieri.

b Dan. 2:44–45.

NKM Umambo hwaMwari kana

Umambo

hweKudenga.

45a NKM Eria.

b NKM Kushandurwa.

46a Mara. 4:5–6;

Nh—JS 1:36–39.

NKM Maraki.

b D&Z 110:13–15.

NKM Erija.

c NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

47a D&Z 128:17.

48a NKM Ruponeso

rweVakafa.

b NKM Tembereri, Imba

yaIshe.

c NKM Mukuwo.

d NKM Mhuri—Mhuri

yekusingaperi;

Kusungu.

49a Hir. 8:19–22.

50a NKM Mweya.

b D&Z 45:17.

51a I VaKori. 6:14;

Aruma 40:19–21.

b NKM Asingafe.

c D&Z 29:43.

NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

52 Uye vachienderera mberi imomo vachaiita basa ravo sezvakanga zvavimbiswa naIshe, uye kuti vavevawani ^avemaro-pafadzo ose ayo akange aka-chengeterwa ivo vanomuda.

53 Muporofita Joseph Smith, nababa vangu, Hyrum Smith, Brigham Young, John Taylor, Wilford Woodruff, nemimwe mweya yakakodzera yakanga ^ayakamisirwa kuti igouya mukuzara kwenguva kuti vagove mukuhwarika ^bhwaro huru yemazuva ekupedzisira,

54 Kusanganisa kuvakwa kwe-matemberi nokuitwa kwezvisungo imomo kuitira rununuro ^arwevakafa, vakanga varimo munyika yemweya.

55 Ndakaona kuti vakanga varimo mukati ^amevanoremedkedzwa nevakuru avo vakanga ^bvasarudzwa pakutanga kuti vave vatongi muChechi yaMwari.

56 Kunyangwe vasati vazvarwa, ivo nevamwe vazhinji, vakagashira zvidzidzo zvavo zvekutanga munyika yemweya uye ^avakagadzirirwa kuti vagouya ^bnenguva yakafanira yaIshe kuzoshanda ^cmumunda

wavo wemizambiringa kuitira ruponeso rwemweya yevanhu.

57 Ndakaona kuti ^amagosa akatendeka emukuwo uno, pavanobva muupenyu hwekufa, vanoenderera mberi nebasa ravo mukuparidza vhangeri rerutendeuko nerununuro, kuburikidza nemupiro neMwanakomana Mumwechete Akaberekwa waMwari, pakati peavo vari ^bmurima uye vari muhusungwa hwechivi munyika huru yemweya yevakafa.

58 Vakafa vanotendeuka ^avachanunurwa, kuburikidza nokuteerera ^bkuzvisungo zvemumba yaMwari.

59 Uye mushure mekunge varangwa pamusana pekutadza kwavo, uye ^avagezwa vakachena, vachagashira mubairo marerano ^bnemabasa avo, nokuti vadyi venhaka yeruponeso.

60 Ndizvo zvakanga zvakaita chiratidzo cherununuro rwevakafa, chakaraitidzwa kwandiri, uye ndinopupura, uye ndinoziwa kuti uchapupu uhwu ^andehwechokwadi, kuburikidza nemaropafadzo aIshe neMuponesi wedu, Jesu Kristu, kunyangwe saizvozvo. Amen.

52a Isa. 64:4;

I VaKori. 2:9;

D&Z 14:7.

53a NKM Kufano gadzwa.

b D&Z 64:33.

54a NKM Zvisungo—

Zvisungo

zvinoitirwa vamwe.

55a Abr. 3:22-24.

b NKM Kufano gadzwa.

56a Jobo 38:4-7;

Aruma 13:3-7.

b Mabasa 17:24-27.

c Jak. 6:2-3.

NKM Munda

wemizambiringa

waIshe.

57a NKM Gosa.

b NKM Gehena.

58a NKM Akanunura.

b NKM Zvisungo.

59a Aruma 5:17-22.

NKM Regerera.

b NKM Mabasa.

60a NKM Chokwadi.

CHIREVO CHECHECHI—1

Kune uyo Angade kuzviziva:

Magwaro ekumapepanhau akatumirwa nechinangwa chezve-matongerwo enyika, kubva kuGuta reSalt Lake, ayo akashambadzwa kwose kwose, zvakaita kuti dare reUtah Commission, mugwaro raro razvino kune Gurukota rezveMukati Menyika, vachiti barika richiri kuitwa uye vachiti kune makumi mana kana kupfuura eroorano yakadaro yakaitwa muUtah kubvira munaChikumi kana mukati megore rapfuura, zvakare nokutiwo mukutaura muvanhu vatungamiri veChechi vanodzidzisa, vachikurudzira nokutunha kuti kuita uku kwebarika kurambe kuripo—

Ini nokudaro seMutungamiri weChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, ndinoti pano, netsika yekuremekedza zvikuru, ndinozivisa kuti izvi zvirikutaurwa inhema. Hatizi kudzidzisa kuti kuve nebarika kana kuroora vakadzi vazhinji, kana kubvumira munhu upi zvake kuti apinde mutsika yacho, uyezve ini ndinoramba kuti hakuna makumi mana kana humwe huwandu zvawo weroorano yevakadzi vazhinji panguva iyoyo yakaitwa mumaTemberi edu kana mune imwe nzvimbo munyika.

Nyaya imwechete yakataurwa, iyo inonzi nevakataura, roorano iyi yakaitirwa mumba Yeendawumenti, muSalt Lake City, munguva yepfumvudza ya1889, asi handisati ndakwanisa kuziva kuti ndiani akaitisa muchato iwoyo; chose chakaitwa munyaya iyi chakaitwa ndisingazive. Naizvozvo, pamusana pezvakaikwa izvi, Imba Yemaendawumenti, nokuraira kwangu, yakabva yapazwa pasina kupedza nguva.

Sezvo kuine mitemo yakamiswa nedare reHurumende inorambidza kuroora vakadzi vazhinji, iri mitemo yakanzi inopindirana nebumbiro remitemo nedare remhosva kunoendwa pekupedzisira, ini pano ndinozivisa chido changu kuve pasi pemitemo iyoyo, uyezve nokushandisa hunhu hwangu munhengo dzeChechi iro randinotungamira kuti vaite zvimwechetezvo.

Hamuna mudzidziso dzangu kuChechi kana muzvidzidziso zveavo vamwe vangu, panguva iri kutaurwa iyi, chinganzi chaizvo kudzidzisa kana kukurudzira barika; uyezve kana ripi zvaro Gosa reChechi rikange riri rashandisa mazwi anoita seanopa dzidziso yakadaro, pakarepo rinobva ratsiurwa. Zvino ndavekuzivisa pachena kuti kuraira kwangu kuVatendi vaMazuva

Ekupedzisira ndekwekurega kutora roorano inorambidzwa nemutemo wenyika.

WILFORD WOODRUFF
Mutungamiri weChechi yaJesu Kristu
yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.

Mutungamiri Lorenzo Snow akapa zvinotevera:

“Ini ndinoti, nokuziva kuti Wilford Woodruff seMutungamiri weChechi raJesu Kristu raVatendi vaMazuva Ekupedzisira, uye ari iye chete munhu pasi pano panguva ino ane makiyi ezvisungo zvekusimbisa, tinomuti anemvumo yakazara pamusana pechinzvimbo chake yekuburitsa Gwaro iro raverengwa tichinzwa, uye riri ranyorwa musu wa24 Gunyana, 1890, uye seChechi riri muMuchechi Mukuru weVose raungana, tinobvuma kutaura kwake pamusoro pebarika sezwirine simba uye richisunga.”

Sarudzo yekutsigira gwaro iri yabvumiranwa nevose.

Salt Lake City, Utah, Gumiguru 6, 1890.

ZVAKATORWA KUBVA KUDZIDZISO NHATU
DZEMUTUNGAMIRI WILFORD WOODRUFF
MAERERANO NECHIZIVISO

Ishe havazombofa vakabvumira ini kana mumwe munhu anomira seMutungamiri weChechi rino kuti akutungamirirei kusiri iko. Hazvizi muhurongwa. Hazvizi mupfungwa dzaMwari. Dai ndaizviyedza, Ishe vanondibvisa panzvimbonyangu, kana saizvozvo anobvisa wose munhu anoyedza kutungamira vana vevanhu kundorasika kubva mune zvakazarurwa zvaMwari uye nemubasaravo. (Muchechi Mukuru weVose rechimakumi matanhatu nerimwechete reChechi rinoitwa kaviri pagore Muvhuro, Gumiguru 6, 1890, Guta reSalt Lake, Utah. Rakataurwa mubepanhau rinonzi *Deseret Evening News* [Bepanhau reManheru reDhezereti], Gumiguru 11, 1890, p. 2.)

Hazvina mhosva kuti ndiani anorarama kana kuti ndiani anofa, kana kuti ndiani anodaidzwa kuti atungamire Chechi rino, vanofanira kuritungamira nokufemera naMwari Samasimba. Kana vasingazviite nenzira iyoyo, havakwanise ku-zviita zvachose....

Ndakagashira zvakazarurwa munguva pfupi ichangopfuura, uye zviri zvaka-kosha chaizvo kwandiri, uye ndichakutaurirai kuti Ishe vakati chii kwandiri. Regai ndiunze pfungwa dzenyu kune chinonzi chirevo....

Ishe vanditaurira kuti ndibvunze Vatendi vaMazuva Ekupedzisira, mubvunzo, uye vandiudzawo kuti kana vakateerera kune zvandakataura kwavari uye vakapindura mubvunzo waiswa kwavari, neMweya nesimba raMwari, vose vangapindure zvakafanana, uye vose vaitenda zvakafanana maererano nenyaya ino.

Mubvunzo ndeuyu: Ndeipi nzira ine ungaru chaihwo yekuti Vatendi vaMazuva Ekupedzisira vatevere—kuramba vachiedza kuita tsika yevakadzi vazhinji, mitemo yenyika ichizviramba nokushorwa nemamiriyoni makumi matanhatu evanhu nokutorerwa nokurasikirwa nematemberi ose, nokumiswa kwezvisungo zvinoitwamo zvose, zvose zvevapenyu nevakafa, nokuiswa mujuri kweHutungamiri hweKutanga nevaneGumi neVaviri nemisoro yemhuri muChechi, uye nokutorewa zvinhu zvose zvevanhu (vose vari vanogona pachavo kuregera kuzviita); kana, mushure mekuita nokutambudzika kwaita kuburikidza nokubatirira patsika iyi, kuti tirege kuita uku uye tizwiye pasi pemutemo, nekuburikidza nokudaro tigosiya Vaporofita, Vaapositori nemadzibaba kudzimba, kuti vagodzidzisa vanhu nokuona kumabasa eChechi, nokusiya maTemberi ari mumaoko aVatendi, kuti vagotarisa zvezvisungo zveVhangeri, zvose zvevapenyu nezvevakafa?

Ishe vandiratidza nechiratidzo nezvakazarurwa chaizvo zvaizoitika kana dai takaramba kuregera tsika iyi. Dai tisina kuiregera, mungadai musina basa naanani zvake wevarume vari muTemberi ino yeLogan; nokuti zvose zvisungo zvairegerwa kuitwa munyika yose yeZioni. Kukanganisika kwaizotonga munyika yose yeIsraeri, uye varume vazhinji vaizove vasungwa. Dambudziko iri ringadai rakauya muChechi yose, uye tingadai takamanikidzwa kuregera tsika iyi. Zvino mubvunzo ndeuyu, kuti zvomiswa here nenzira iyi, kana kuti nenzira yatakaratidzwa nayo naIshe, tigosiya Vaporofita neVaapositori nemadzibaba edu vari vanhu vakasununguka, neMatemberi ari mumaoko evanhu, kuti vakafa vagonururwa. Vazhinji vakatobviswa kubva kumba yetirongo iri munyika yemweya, nevanhu ava, basa richaenderera here kana kumira? Mubvunzo uyu ndinouisa pamberi paVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Munofanira kuvzitongerwa. Ndinoda kuti muzvipindure pachenyu. Ini handizvipindure; asi ndinoti kwamuri ndizvo chaizvo zvatingadai tiri isu vanhu dai tisina kutora nzira yatave.

Ndakaona chaizvo zvaizouya dai pasina chakaitwa. Ndanga ndiine mweya uyu pandiri kwenguva huru. Asi ndinoda kuti: Ndingadai ndakarega matemberi akabva mumaoko edu; ndingadai ndakaenda kutirongo ini pachangu, uye ndakarega vose vamwe varume vakaendako, dai Mwari vekudenga vasina kunge vandiraira kuita zvandakaita; nguva isati yasvika iyo yandakanga ndairwa kuzviita, zvose zvakanga zvakajeka kwandiri. Ndakaenda pamberi paIshe, uye ndikanyora zvandakaudzwa naIshe kuti ndinyore....

Ndinosiya izvi nemi, kuti imi muzvifungire nokuzvitarisira. Ishe vari pabasa nesu. (Muchechei wehoko yeCache, Logan Utah, Svondo, Mbudzi 1, 1891. Zvakanyora mubepanhau re*Deseret Weekly* [Dhezereti repaSvondo], Mbudzi 14, 1891.)

Zvino ndichakutaurirai zvakaiswa pachena kwandiri nezvakaitwa neMwanakomana waMwari muchinhu ichi.... Zvose zvinhu izvi zvingadai zvakazoitika, sekuvepo kwaMwari Samasimba vanorarama, dai Chirevo icho chisina kupihwa. Nokudaro, Mwanakomana waMwari vakanzwa zvakafanira kuti gwaro iroro riiswe kuChechi nekunyika kuitira zvaive mupfungwa dzavo. Ishe vakanga vadzika kumiswa kweZioni. Vakanga adzika kupedziswa kwetemberi ino. Vakanga adzika kuti ruponeso rwevapenyu nevakafa rwunofanira kupirwa mumanhika ano emakomo. Uye Mwari Samasimba vakadzika kuti Dhiabhorosi haakwanise kuzvitadzisa. Kana mukagona kunzwiswa izvozvo, ndiyo kiyi yacho. (Kubva kuhurukuro yekupinda kechitanhatu mukukumikidzwa kweTemberi yeSalt Lake City, muna Kubvumbi 1893. Zvinyorwa zveMunamoto weKupira Zvichegetwa, Bazi reNthoroondo dzeChechi, Salt Lake City, muUtah.)

CHIREVO CHECHECHI—2

Kuna ani zvake Angangoda Kunzwa:

Musi wa30 Gunyana 1978, paMuchechechi Mukuru weChechi yose rechizana nemakumi mana nesere reChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira rinoitwa pagore, zvinotevera zvakaturwa ne-Mutungamiri N. Eldon Tanner, Gurukota Rekutanga muHutungamiri hweKutanga hweChechi:

Mukutanga kwaChikumi gore rino Hutungamiri hweKutanga hwakadaidzira kuti kune zvakazarurwa zvakanga zvatambirwa naMutungamiri Spencer W. Kimball zvichitambanudzira hupirisita nemaropafadzo emutemberi kune vose vakakodzera vechirume vari nhengo dzeChechi. Mutungamiri Kimball akakumbira kuti nditaurire kumuchechechi mukuru kuti mushure mekutambira kwake zvakazarurwa izvi, izvo zvakauya kwaari mushure mekufunga nekunamata kwenguva yakati kuti mudzimba dzinoyera dzemutemberi tsvene, akazviisa kuvatevedzeri vake, avo vakazvibvuma uye vakazvitsinhira. Ndokubva zvazoiswa kuChikwata cheVaapostori vaneGumi neVaviri, avo vakazvitsigira vose, uye zvikazoiswa kune vamwe vose vakuru, avo vazvitsinhirawo pamwechete.

Mutungamiri Kimball akumbira kuti zvino ndiverenge tsamba iyi:

Chikumi 8, 1978

Kune vose neavo vemuno mapirisita veChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira pasi rose:

Vadiwa Hama:

Mukuona kwatanga tichiita kwebasa raIshe pasi pose, tine kute nda vanhu vemarudzi akawanda vakadaira kushoko revhangeri rakadzorerwa pakare, uye vakapinda muChechi nehuwando huri kusimba huchikura. Izvi naizvowo, zvaita kuti isu tifemerwe nechido chekuti tisvitse kune wose akakodzera ari nhengo yeChechi zvose zvinopundutsa nemaropafadzo ayo anopihwa nevhangeri.

Nokuziva zvivimbiso zvakaitwa nevaporofofiti nevatungamiri veChechi avo vakatanga pamberi pedu, kuti pane imwe nguva, hurongwa hwokusingaperi hwaMwari, vose vehama dzedu avo vakakodzera vangagashire hufundisi, uye tichiona kutendeuka kweavo vakanyimwa hupirisita, takumbira kwenguva huru nemwoyo yedu yose, pamusoro paivava, hama dzedu dzakatendeuka,

tichipedza nguva yakawanda tiri Mumba yepaMusoro yeTemberi tichikumbira hutungamiriri hutsvene hwaIshe.

Vakanzwa minamoto yedu, nezvakazarurwa vakatsinhira kuti zuva rakange rakavimbiswa kare rasvika apo wose akatendeka, murume akakodzera ari muChechi angagashire hupirisita hutsvene, nesimba rekushandisa mvumo yahwo tsvene, nokuwana batsiro nevadikani vake ose maropafadzo anouya kubvamo, kusanganisira nemaropafadzo emutemberi. Naizvozvo dzose nhengo dzeChechi dzechirume dzakakodzera dzinokwanisa kugadzwa hupirisita pasina kuti murudzii kana kuti muchena kana mutema. Vatungamiri vemapirisita vanoudzwa, zvakakwana kana dai huri hwaAroni kana Hupirisita hwaMerkizedeki kuti vaone kuti zvose zvakamiswa zvekuona kuti munhu anokodzera here kana kuti kwete zvaitwa.

Tinotaura takatsiga kuti Ishe zvino vazivisa chido chavo chekurofafadzwa kwevana vavo vose pasi pose avo vachateerera kumazwi evaranda vavo vakapihwa mvumo, uye vagozvigadzirira kugashira ose maropafadzo evhangeri.

Venyu muchokwadi,

SPENCER W. KIMBALL

N. ELDON TANNER

MARION G. ROMNEY

Hutungamiri Hwekutanga

Nokuziva kuti Spencer W. Kimball semuporofita, muoni, nemududziri nemutungamiri weChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, zviri kunzi isu zvatiri dare remakurukota, tibvume zvakazarurwa izvi sezwi nechido chaIshe. Vose vano-bvuma, ndapota ratidzai nokusimudza ruoko rwenyu rwerudyi. Vasingazvide varatidze nechiratidzo chimwechetecho.

Sarudzo yekutsigira zvataurwa yakaitwa nemunhu wose achibvumira.

Salt Lake City, Utah, Gunyana 30, 1978.

DOMBO RE MUTENGO MUKURU

ZVAKASARUDZWA KUBVA MUNE
ZVAKAZARURWA,

DUDZIRO NEZVITAUWA

ZVAJOSEPH SMITH,

MUPOROFITA WEKUTANGA, MUONI,

NEMUDUDZIRI

KUCHECHI YAJESU KRISTU

YAVATENDI VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

 CHISUMO

Dombo reMutengo Mukuru zvinyorwa zvakakoshesesa zvaka-sarudzwa zviru maererano nezvinhu zvakawanda zvinokosha zvechitendero nedzidziso yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Zvinhu izvi zvakaburitswa neMuporofita Joseph Smith uye zvikashambadzwa mumapepanhau eChechi emazuva ake.

Kuunganidzwa kwekutanga kwemagwaro akange akatakura zita rekunzi Dombo reMutengo Mukuru kwakaitwa muna 1851 naGosa Franklin D. Richards, akanga ari wenhengo yeDare revaneGumi neVaviri uye ari iye mutungamiri weHushumiri kuma-British. Basa racho raive rekuita kuti kukurumidzwe kuwanikwa nyaya dzakakosha idzo dzakanga dzisingasvike kure panguva dzaJoseph Smith. Sekuwanda kwakanga kuchiiita nhengo dzeChechi muEurope neAmerica, pakange pave nekuda kuti zvinhu izvi zvive zvinowanikwa. Dombo reMutengo Mukuru, rakashandiswa zviku, uye nokufamba kwenguva rakave bhuku dzvene nekuda kweHutungamiri Hwekutanga muchechi mukuru wevazhinji muSalt Lake City musu wa10 Gumiguru 1880.

Kudzokorora kwakawanda kwakaitwa kuzvinhu zvakanorwa nokuda kwezvinodiwa neChechi. Muna 1878 zvikamu zveBhuku raMosesi zvakange zvisimo mubhuku rekutanga zvakawedzerwa. Muna 1902 zvimwe zvikamu zveDombo reMutengo Mukuru zvaidzokorora zvinhu zvakashambadzwawo muDzidziso neZvibvumirano, zvakasiwa. Kurongwa muzvitsauko nendima, nezvikutsigiro, zvakaitwa muna 1902. Kushambadzwa kwekutanga mumapeji akanorwa uku nekuku, nemunongedzo, kwaive muna 1921. Hakuna zvimwe zvakazoshandurwazve kudakara munaKubvumbi 1976, apo pakawedzerwa zvakazarurwa zviru. Muna 1979 zviru izvi zvakabviswa mu Dombo reMutengo Mukuru uye zvikaiswa muDzidziso neZvibvumirano, umo mazviru seChikamu 137 ne138. Mune zvinyorwa zvazvino kumwe kushandurwa kwakaitwa kuitira kuunza zvinyorwa mukupindirana nemagwaro ekutanga.

Zvinotevera chisumo Chidiki-diki kune zviru mukati:

Zvakasarudzwa kubva muBhuku raMosesi. Zvakatorwa mubhuku raGenesi redudziro yaJoseph Smith yeBhaibheri yakatanga muna Chikumi 1830 (*History of the Church* [Nhorooondo yeChechi], 1:98–101; 131–139).

Bhuku raAbrahama. Zvakadudzirwa kubva pazvinyorwa zvechi-Egipita zvakanorwa patsanga izvo zvakauya mumaoko aJoseph Smith muna 1835, zviine zvinyorwa zvatateguru Abrahama. Kududzira uku kwakaburitswa zvidimbu zvidimbu mugwaro rainzi

Times and Seasons (Nguva neMwaka) kutanga musu wa1 Kurume 1842, paNauvoo, Illinois. (*History of the Church*, 4:519–534.)

Joseph Smith—Mateo. Zvakabviswa muuchapupu hwaMateo huri mududziro yaJoseph Smith yeBhaibheri (ona Dzidziso ne-Zvibvumirano 45:60–61 yemurairo mutsvene kuti Kududzira kweTestamente Itsva kutange).

Nhoroondo—yaJoseph Smith. Zvakabviswa kuuchapupu hwaJoseph Smith nenhoroondo yake, izvo zvaakagadzira muna 1838, uye huri hwakashambadzwa muzvidimbu mugwaro rainzi *Times and Seasons* muNauvoo, Illinois, kutanga musu wa15 Kurume 1842 (*History of the Church*, 1:1–44, kuwana nhoroondo yakazara).

Misimboti yeChitendero yeChechi yaJesu Kristi yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Mazwi aJoseph Smith akashambadzwa mugwaro rainzi *Times and Seasons* musu wa1 Kurume 1842, pamwechete nenhoroondo pfupi yeChechi iyo yaizivikanwa zvikuru se-Tsamba yaWentworth (*History of the Church*, 4:535–541).

KWEMABHUKU ARI MUDOMBO REMUTENGO MUKURU

Peji

Zvakasarudzwa kubva muBhuku raMosesi	1
Bhuku raAbrahama	37
Mufanikiso No. 1	36
Mufanikiso No. 2	44
Mufanikiso No. 3	53
Joseph Smith—Mateo	55
Nhoroondo—yaJoseph Smith	60
Misimboti yeChitendero	79

ZVAKASARUDZWA KUBVA MU^BHUKU RA^MMOSESI

Zvakatorwa mukududzirwa kweBhaibheri sekuratidzwa kwazvakaitwa
kuna Joseph Smith Muporofita, muna Chikumi 1830—Kukadzi 1831.

CHITSAUKO 1

(Chikumi 1830)

Mwari vanozviratidza kuna Mosesi
—Mosesi anoshandurwa chimiro
—Anotarisana naSatani—Mosesi
anoona nyika zhinji dzakagarwa
nevanhu—Nyika dzisingaverenge-
ke dzakasikwa neMwanakomana—
Basa raMwari nokubwinya kuunza
kusafa neupenyu hwokusingaperi
hwemunhu.

MAZWI aMwari, “avakata-
mura kuna ^bMosesi panguva
apo Mosesi akakwidzwa pago-
mo refu-refu,

2 Uye “akaona Mwari ^bvaka-
tarisana, uye akataura naye
uye ‘kubwinya kwaMwari
kwakave pana Mosesi; noku-
daro Mosesi akagona ^dkumira
pamberi pavo.

3 Uye Mwari vakataura kuna
Mosesi vachiti: Tarisai, ndini
Ishe Mwari “Samasimba, uye
^bAsina magumo ndiro zita rangu

nokuti handina mavambo ema-
zuva kana magumo emakore;
uye izvozvi hakuzi kushaya
magumo here?

4 Uye, tarisai iwe uri mwana-
komana wangu, nokudaro
“tarisa, uye ndichakuratidza
humhizha ^bhwemaoko angu,
asi kwete zvose, nokuti ‘mabasa
angu ^dasingagume, uye ‘nema-
zwi anguwo, nokuti haapere.

5 Nokudaro hakuna munhu
angaone ose mabasa angu, ku-
nze kwekunge aona kubwinya
kwangu kwose; uye hakuna
munhu angaone kubwinya
kwangu kwose mushure mezvo
agosara panyika munyama.

6 Uye ndine basa rako, Mosesi,
mwanakomana wangu; uye “wa-
kafanana newangu ^bMumwe-
chete Akaberekwa; uye Mu-
mwechete Akaberekwa wangu
ari uye achave ‘Muponesi, no-
kuti azere ^dnyenya ^enecho-
kwadi; asi ^fhakuna mumwe
Mwari kunze kwangu, uye

1 1a Aruma 12:30;
Mos. 1:42.

^b NKM Mosesi.

2a Eks. 3:6; 33:11;
Joh. 1:18; 6:46;
Eta 3:6–16; Mos. 1:11.
Djs, Eks. 33:20, 23.

^b Num. 12:6–8;
Deut. 34:10;
D&Z 17:1.

^c Deut. 5:24;
Mos. 1:13–14, 25.
NKM Kubwinya.

^d NKM Kushandurwa.

3a Zvaka. 11:17; 19:6;
1 Ni. 1:14; 121:4.

NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.

^b Isa. 63:16;
D&Z 19:9–12;
Mos. 7:35.

NKM Asingagumi.

4a Mos. 7:4.

^b Mos. 7:32, 35–37.

^c Mpi. 40:5;
D&Z 76:114.

^d Mpi. 111:7–8;
Mos. 1:38.

^e 2 Ni. 9:16;

D&Z 1:37–39.

NKM Shoko raMwari.

6a Gen. 1:26; Eta 3:14–15;
Mos. 1:13–16.

^b NKM Mumwechete
Akaberekwa.

^c NKM Muponesi.

^d Joh. 1:14, 17;

Aruma 13:9.

NKM Nyasha.

^e Mos. 5:7.

^f I Madz. 8:60;

Isa. 45:5–18, 21–22.

zvose zvinhu zviriri pano neni, nokuti ^sndinozviziva zvose.

7 Uye zvino, tarisai, chinhu chimwechete ichi ndinokuratidza, Mosesi, mwanakomana wangu, nokuti iwe uri munyika, uye zvino ndinochiratidza kwauri.

8 Uye zvakaitika kuti Mosesi akatarisa, uye akaona ^anyika apo paakasikirwa; uye Mosesi ^bakaona nyika nekumiganhu kwayo, nevose vana vevanhu varipo, nevakasikwa; pane izvozvo ^cakashamiswa zvikuru uye akanetsekana.

9 Uye kuvapo kwaMwari kwakasuduruka kubva panaMosesi, kuti kubwinya kwake hakuna kuva panaMosesi; uye Mosesi akasiwa ave ega. Uye sezvo akanga asiiwa ari ega akawira pasi.

10 Uye zvakaitika kuti kwakapera maawa akawanda Mosesi asati agashira zvakare ^asimba rake chairo semunhu, uye akati achizvitaure pachake: Zvino, pamusana pezvizvi ndave kuziva kuti munhu ^bhachisi chinhu, chinova chinhu chandisina kumbobvira ndakafunga.

11 Asi zvino maziso angu chaiwo aona ^aMwari; asi kwete maziso angu ^benyama, asi maziso angu emweya, nokuti maziso

angu enyama haaigona kutarisa; nokuti ndingadai ^cndakasvava uye ^dndakafa pamberi pavo; asi kubwinya kwavo kwaive pandiri uye ndakaona ^echiso chavo, nokuti ndakanga ^fndashandurwa chimiro pamberi pavo.

12 Uye zvakaitika kuti apo Mosesi paakanga ataura mazwi aya, tarisai ^aSatani akauya ^bachimuyedza, achiti: Mosesi mwanakomana wemunhu, ndinamate.

13 Uye zvakaitika kuti Mosesi akatarisa Satani uye akati: Ndiwe ani? Nokuti tarisai, ndini ^amwanakomana waMwari, mumufananidzo weMumwechete Akaberekwa; uye kubwinya kwako kuripi, kwekuti ndikunamate?

14 Nokuti tarisai, ndakatadza kutarisa Mwari, kunze kwekunge kubwinya kwavo kwauya pandiri, uye ^andakashandurwa pamberi pavo. Asi ndinogona kukutarisa nemaziso enyama emunhu. Hazvizizvo here, chokwadi?

15 Ngaripafadzwe zita raMwari vangu, nokuti Mweya wavo hauna kubva zvachose kwandiri, kana kuti kubwinya kwako kuripi, nokuti irima kwandiri? Uye ndinogona kutonga pakati pako naMwari;

6g 1 Ni. 9:6; 2 Ni. 9:20;

Aruma 18:32;

D&Z 38:1-2.

NKM Saruzivo.

8a Mos. 2:1.

b Mos. 1:27.

c Mpi. 8:3-4.

10a Dan. 10:8, 17;

1 Ni. 17:47;

Aruma 27:17;

Nh—JS 1:20.

b Dan. 4:35;

Hir. 12:7.

11a NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

b Mos. 6:36;

D&Z 67:10-13.

c Eks. 19:21.

d Eks. 20:19.

e Gen. 32:30; Mos. 7:4.

f Mat. 17:1-8.

NKM Kushandurwa.

12a Mos. 4:1-4.

NKM Dhiabhorosi.

b Mos. 6:49.

NKM Chiedzo.

13a Mpi. 82:6;

I Joh. 3:2;

VaH. 12:9.

14a NKM Kushandurwa.

nokuti Mwari vakati kwandiri: “Namata Mwari, nokuti ivo chete ndivo ^bvauchashandira.

16 Ibva pano Satani: Usandinyengedza; nokuti Mwari vakati kwandiri: Iwe uri “mumufanapidzo wewangu Mumwechete Akaberekwa.

17 Uye akandipawo mirairo paakandidaidza ari “mugwenzi raibvira achiti: ^bDaidzira kuna Mwari muzita rewangu Mumwechete Akaberekwa, uye undinamate.

18 Uye zvakare Mosesi akati: Handizorega kudaidza kuna Mwari, ndine zvimwe zvinhu zvandinoda kuziva kwavari nokuti kubwinya kwavo kwakanga kuri pandiri, nokudaro ndinogona kutonga pakati pavo newe. Ibva pano Satani.

19 Uye zvino, apo Mosesi akanga ataura mazwi aya, Satani akachema nezwi guru, uye achizhambatata panyika, uye akaraira, achiti: ndini “Mumwechete Akaberekwa, ndinamate.

20 Uye zvakaitika kuti Mosesi akatanga kutya zvikuru; uye zvaakatanga kutya, akaona mavaviro “egehena. Zvisinei, ^bachidaidzira kuna Mwari, akagashira simba, uye akaraira achiti; Ibva kwandiri Satani, nokuti ivavo Mwari vamwechete ndivochete vandichanamata, vanove Mwari vekubwinya.

21 Uye zvino “Satani akatanga kubvunda, uye nyika ikazunguzuka; uye Mosesi akagashira simba, uye akadaidza kuna Mwari, achiti: Muzita riye reMumwechete Akaberekwa, ibva iyezvino Satani.

22 Uye zvakaitika kuti Satani akachema nezwi guru, noku-yaura, nokuwuwura, “nokugegageda-kwemeno, uye akabva abva ipapo, kunyangwe pamberi paMosesi zvekuti haana kuzomuona.

23 Uye zvino kwezvinhu izvi Mosesi akapa uchapupu; asi nekuda kwehuipi hazvichawanikwe pakati pevana vevanhu.

24 Uye zvakaitika kuti apo Satani zvaakabva pamberi paMosesi, Mosesi akasimudzira maziso ake kudenga, azadzwa neMweya “Mutsvene, uyo unopupura nezvaBaba neMwana-komana;

25 Uye nokudaidza kune zita raMwari akaona kubwinya kwavo zvakare, nokuti kwakange kuri paari; uye akanzwa izwi, richiti: Wakaropafadzwa iwe, Mosesi nokuti ini, Samasimba, ndasarudza iwe, uye uchaitwa kuti usimbe kupfuura “mvura zhinji, nokuti dzichateerera ^bkuraira kwako kunge iwe ndiwe “Mwari.

26 Uye ona, ndinewe, kunyangwe kusvika kumagumo

15a Mat. 4:10.
NKM Kunamata.

b I Sam. 7:3;
3 Ni. 13:24.

16a Mos. 1:6.

17a Eks. 3:2.

b Mos. 5:8.

19a Mat. 24:4–5.

20a NKM Gehena.

b Nh—JS 1:15–16.

NKM Munamato.

21a NKM Dhiabhorosi.

22a Mat. 13:41–42;

Mosaya 16:1–3.

24a NKM Mweya
Mutsvene.

25a Eks. 14:21–22.

b NKM Simba;
Hupirisita.

c Eks. 4:16.

emazuva ako; nokuti “uchabvisa vanhu vangu ^bmuhusungwa, kunyangwe ^cIsraeri ^dvasarudzwa vangu.

27 Uye zvakaitika kuti, izwi richirikutaura, Mosesi akatarisa uye “akaona nyika, hongu, kunyangwe yose zvayo, uye hapana kana kamwekayo kaa-sina kuona, achinyatsoiona neMweya waMwari.

28 Uye akaonawo nevagari vacho vemo, uye hakuna kana mweya mumwechete waasina kuona; uye akanyatsovaona neMweya waMwari; uye vakanga vakawanda zvikuru, kunyangwe kusaverengeka sejecha riri pagungwa.

29 Uye akaona nyika dzakawanda; uye nzvimbo yega-yega yainzi “nyika uye makanga muine vagari pamusoro padzo.

30 Uye zvakaitika kuti Mosesi akadaidza kuna Mwari achiti: Nditaurirei, ndinokukumbirai, seyi zvinhu izvi zvakadai, uye makazviita kuburikidza nei?

31 Uye tarisai, kubwinya kwaIshe kwakave pana Mosesi, zvekuti Mosesi akamira pamberi paMwari, uye akataura navo “chiso nechiso. Uye Ishe Mwari vakati kuna Mosesi: ^bNechina-

ngwa changu ndakaita zvinhu izvi. Houno ungaru uye hunosara mandiri.

32 Uye “nezwi resimba rangu, ndakazvisika, rinova wangu Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa, uyo azere ^bnenyasha “nechokwadi.

33 Uye “nyika dzisingavere-ngeke ^bndakadzisika; uye ndakadzisikirawo nechinangwa changu; neMwanakomana ndakadzisika, ari iye wangu “Mumwechete Akaberekwa.

34 Uye munhu “wekutanga wevanhu vose ndakamudaidza kuti ^bAdama, zvinoreva kuti “vakawanda.

35 Asi chete rondedzero yepasi rino nevagari varo, ndiyo yandinokupa. Nokuti tarisai, kune nyika dzakawanda dzakapfuura kuburikidza nezwi resimba rangu. Uye kune iye-zvino zhinji dzimire, uye dzisinga verengeke kuvanhu; asi zvose zvinhu zvinoverengeka kwandiri, nokuti ndezvangu uye “ndinozviziva.

36 Uye zvakaitika kuti Mosesi akataura kuna Ishe, achiti: Ivai netsitsi kumuranda wenyu, Mwari, uye munditaurire pamusoro pepasi pano, nevagari vacho, uyewo nezvematenga,

26a Eks. 3:7–12.

b 1 Ni. 17:23–25.

c I Madz. 8:51–53.

NKM Israeri.

d NKM Akasarudza,

Akasarudzwa.

27a D&Z 88:47; Mos. 1:8.

NKM Kuratidzwa

(Chiratidzo).

29a NKM Pasi.

31a Deut. 5:4; Mos. 1:11.

b Isa. 45:17–18;

2 Ni. 2:14–15.

32a Joh. 1:1–4, 14;

VaH. 1:1–3;

Zvaka. 19:13;

Jak. 4:9;

Mos. 2:1, 5.

NKM Jesu Kristu.

b Mpi. 19:1; Mos. 5:7–8.

NKM Nyasha.

c NKM Chokwadi.

33a Mpi. 8:3–4;

D&Z 76:24;

Mos. 7:29–30.

b NKM Sika.

c Mos. 1:6.

34a Mos. 3:7.

b Abr. 1:3.

NKM Adama.

c Mos. 4:26; 6:9.

35a Mos. 1:6; 7:36.

NKM Saruzivo.

uye zvino muranda wenyu achagutsikana.

37 Uye Ishe Mwari vakataura kuna Mosesi, vachiti: “Matenga, akawanda, uye haaverengeke kumunhu; asi akaverengeka kwandiri, nokuti ndeangu.

38 Uye sekupfuura kunoita imwe nyika, nematenga achowo kunyangwe nokudaro kunobva kwauya imwe; uye hakuna “magumo kumabasa angu, kana kumazwi angu.

39 Nokuti tarisai, iri ndiro “basa rangu ^bnekubwinya kwangu — kuunza ^ckusafa neupenyu ^dhwokusingaperi hwevanhu.

40 Uye zvino, Mosesi, mwana komana wangu, ndinotaura newe pamusoro pepasi rino apo paumire; uye iwe “uchanyora zvinhu zvandichataura.

41 Uye muzuva apo vana vevanhu vachatora mazwi angu seasiri chinhu, uye “vachitora mazhinji acho kubva mubhuku rauchanyora, tarisai ndichamutsa vamwe ^bvakaita sewe; uye ^cvachanzwika zvakare mukati mevana vevanhu — mukati meivavo vazhinji vachatenda.

42 (Mazwi aya “akataurwa kuna Mosesi mugomo, zita raro risingazombozivikanwa

pakati pevanhu. Uye zvino ave kutaurwa kwauri. Usaaratidze kunaani zvake kunze kwekune avo vanotenda. Kunyangwe saizvozvo. Amen.)

CHITSAUKO 2

(Chikumi — Gumiguru 1830)

Mwari vanosika matenga nenyika — Mhando dzose dzezvinorarama dzakasikwa — Mwari vanosika munhu uye vomupa hutongi pamusoro pezvinhu zvose.

UYE zvakaitika kuti Ishe vakataura kuna Mosesi, vachiti: Tarisai, “ndinozarura kwauri pachena zviriri maererano ^bnedenga rino, ^cnepasi rino; nyora mazwi andinotaura. Ndini Mavambo neMagumo, ^dSamasimba Mwari kuburikidza newangu ^eMumwechete Akaberekwa ^fndakasika zvinhu izvi; hongu, pakutanga ndakasika denga, nenyika panove ndipo paumire.

2 Uye “nyika yakanga isina kugadzirwa, uye isiri chinhu; uye ndakaita kuti rima riuye pamusoro perakadzama; uye Mweya wangu waifamba pamusoro pemvura; nokuti ndiri Mwari.

3 Uye ini Mwari, ndakati: Nga-

37a Abr. 4:1.

NKM Denga.

38a Mos. 1:4.

39a VaR. 8:16–17;

2 Ni. 2:14–15.

NKM Hurongwa

hweRununuro.

b NKM Kubwinya.

c NKM Asingafe.

d NKM Upenyu

Hwokusingaperi.

40a 2 Ni. 29:11–12.

41a 1 Ni. 13:23–32;

Mos. 1:23.

b 2 Ni. 3:7–19.

c 1 Ni. 13:32, 39–40;

D&Z 9:2.

42a Mos. 1:1.

2 1a Mos. 1:30, 36.

b NKM Denga.

c Mos. 1:8.

d NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari—

Mwari Baba.

e NKM Mumwechete

Akaberekwa.

f NKM Sika.

2a Gen. 1:2;

Abr. 4:2.

kuve “nechiedza, uye chiedza chikavepo.

4 Uye ini Mwari, ndakaona chiedza, chacho uye chiedza ichocho chakange “chakanaka. Uye ini Mwari, ndakapatsanura chiedza kubva murima.

5 Uye ini Mwari, ndakadaidza chiedza kuti Zuva; uye rima, ndikaridaidza kuti Usiku; uye izvi ndakazviita “nezwi resimba rangu, uye zvakaitwa ^bpandaitaura; uye manheru nemangwanani ndiwo aive “zuva rekutanga.

6 Uye zvakare, ini Mwari ndakati: Ngakuve “nehudzikwa mudenga pakati pemvura, uye zvikave saizvozvo, kunyangwe sekutaura kwandaita; uye ndikati: Ngazviganhure mvura nemvura, uye zvikaitwa;

7 Uye ini Mwari, ndakaita hudzikwa uye ndikapatsanura “mvura, hongu, mvura huru iri pasi pehudzikwa kubva kumvura yaive pamusoro pehudzikwa uye zvikadarwo kunyangwe sezvandakataura.

8 Uye ini Mwari, ndakadaidza hudzikwa kuti “Denga; uye manheru nemangwanani akave zuva repiri.

9 Uye ini Mwari ndikati: Mvura iri pasi pedenga ngaiungane pamwechete munzvimbo “imwechete, uye zvikadarwo; uye ini Mwari, ndikati: Ngakuve nenzvimbo yakaoma uye zvikadarwo.

10 Uye ini Mwari, ndikadaidza nzvimbo yakaoma kuti “Nyika; uye kuungana pamwechete kwemvura, ndakakudaidza ini kuti Gungwa; uye ini Mwari ndakaona kuti zvose zvinhu zvandakanga ndaita zvakanga zvakanaka.

11 Uye ini Mwari, ndakati: Pasi ngapamere “uswa, magwenzi anobereke mbeu, muti wemuchero unobereka muchero werudzi rwawo, nemuti unobereka michero, mbeu yacho yakafanira kuve pasi pano, uye zvikaita saizvozvo sekutaura kwandakaita.

12 Uye nyika yakaunza huswa, Mbeu yose yamagwezi rudzi rwayo nemiti unoitwa michero, mbeu yacho yakafanira kuve mairi pachayo, nerudzi rwayo; uye ini Mwari, ndakaona kuti zvose zvinhu zvandakanga ndaita zvakanga zvakanaka.

13 Uye manheru nemangwanani akave zuva retatu.

14 Uye ini Mwari, ndakati: Ngakuve nechiedza muhudzikwa hwedenga, kupatsanura zuva kubva muhusiku, uye zviwe zvezviratidzo kana zvemwaka, nezvemazuva, nezvemakore;

15 Uye ngazvive zviyedza muhudzikwa hwedenga kuti zvipe chiedza panyika; uye zvikave saizvozvo.

16 Uye ini Mwari, ndakaita zviyedza zviviri zvikuru, “chiedza chikuru kuti chitonge

3a D&Z 88:6–13.
NKM Chiedza,
Chiedza chaKristu.
4a Gen. 1:4; Abr. 4:4.
5a Mos. 1:32.

b II VaKori. 4:6.
c Gen. 1:5.
6a Gen. 1:6–8.
7a Abr. 4:9–10.
8a NKM Denga.

9a Gen. 1:9; Abr. 4:9.
10a NKM Pasi.
11a Gen. 1:11–12;
Abr. 4:11–12.
16a Gen. 1:16.

masikati, uye chiedza chidiki kuti chitonge husiku, uye chiedza chikuru raive zuva, uye chiedza chidiki chaive mwedzi; nenyenyedziwo dzakaitwa kunyangwe nemaererano ekuizwi rangu.

17 Uye ini Mwari, ndakazviisa muhudzikwa hwedenga kuti dzipe chiedza pasi pano,

18 Uye zuva kuti ritonge masikati, uye mwedzi utonge husiku, nokupatsanura chiedza kubva kurima uye ini Mwari, ndakaona zvose zvinhu zvandakanga ndaita kuti zvakanaka;

19 Uye manheru nemangwanani zvakave zuva rechina.

20 Uye ini Mwari, ndakati: Regai mvura iunze zvakawandisisa zvisikwa zvinofamba zvineupenyu, neshiri dzinogona kubhururuka pachena pehudzikwa hwedenga.

21 Uye ini Mwari, ndakasika “majekawacheka makuru, nechisikwa chose chinofamba chipenyu, izvo zvakaunzwa nemvura zvakawanda, maererano nerudzi rwazvo, neyose shiri inemapapiro nerudzi rwayo; uye ini Mwari, ndakaona kuti zvose zvinhu zvandakasika zvakanga zvakanaka.

22 Uye ini Mwari, ndakazviropafadza, ndichiti: Ivai nezvibereko, uye ^amuwande, uye muzadze mvura iri mugungwa; uye murege shiri dziwande munyika;

23 Uye manheru nemangwanani zvakave zuva rechishanu.

24 Uye ini Mwari, ndakati: Regai ivhu riunze zvisikwa zvipenyu zverudzi rwazvo, mombe, nezvinhu zvinokambaira, nemhuka dzenyika nerudzi rwadzo, uye zvikaitika saizvozvo;

25 Uye ini Mwari, ndakaita mhuka dzenyika nerudzi rwadzo, nemombe nerudzi rwadzo, nechose chinokambaira panyika nerudzi rwacho; uye ini Mwari, ndakaona kuti zvose zvinhu izvi zvakanga zvakanaka.

26 Uye ini Mwari, ndakati kune wangu ^aMumwechete Akaberekwa, uyo akanga aineni kubvira pakutanga: ^bNgatisike munhu “nemufananidzo wedu, uye akafanana nesu, uye zvikadaro. Uye ini Mwari, ndikati: Regai vave ^anehutongi pamusoro pehove dzegungwa, uye pamusoro peshiri dzedenga, nepamusoro pemombe, nepamusoro penyika yose, nepamusoro pechisikwa chose chinokambaira pamusoro penyika.

27 Uye ini ^aMwari, ndakasika munhu nemufananidzo wangu, mufananidzo wewangu Mumwechete Akaberekwa ndakamusika; murume nemukadzi ndini ndakavasika.

28 Uye ini Mwari, ndakavaro-pafadza, uye ndikati: Ivai nezvibereko uye ^amuwande, uye muzadze nyika, uye muiise pasi penyu, uye muve nehuto-

21a Gen. 1:21;
Abr. 4:21.

22a Gen. 1:22–25;
Abr. 4:22–25.

26a NKM Jesu Kristu.

^b NKM Sika.
c Gen. 1:26–27;
Mos. 6:8–10;
Abr. 4:26–27.

^d Gen. 1:28;

Mos. 5:1;
Abr. 4:28.

27a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.

28a Mos. 5:2.

ngi kuhove, dzegungwa, neku-shiri yedenga, nekune chinhu chose chipenyu chinofamba pamusoro penyika.

29 Uye ini Mwari, ndikati kumunhu: Tarisai, ndakupa rose gwenzi rinembeu, riri pamusoro penyika yose, newose muti uchave nemuchero wemuti unobereka mbeu; kwauri uchave ^ayekudya.

30 Uye kumhuka yose yenyika, nekushiri yose yedenga, nekune chose chinokambaira panyika, icho chandinopa upe-nyu, chichapihwa rose gwenzi rakachena sekudya; uye zvika-ita saizvozvo, kana sekutaura kwandaiita.

31 Uye ini Mwari, ndakaona zvose zvandakanga ndaita, uye tarisai, zvose zvinhu zva-ndakanga ndaita zvakanga ^azvakanaka chaizvo; uye manheru nemangwani zvikaita zuva ^brechitanhatu.

CHITSAUKO 3

(Chikumi—Gumiguru 1830)

Mwari vakasika zvose zvinhu zvi-ri mweya zvisati zvave sezvazviri panyika—Vakasika munhu, nya-ma yekutanga, panyika—Mukadzi mubatsiri akakwana kumurume.

ND0 ^akupedzwa kwakaitwa

denga nepasi, ^bnemhomho dza-yo dzose.

2 Uye muzuva rechinomwe, ini Mwari, ndakapedza basa rangu, nezvose zvinhu zvandakanga ndaita; uye ^andikazorora muzuva ^brechinomwe kubva kubasa rangu rose, uye zvose zvinhu zvandakanga ndaita zvakapera, uye ini Mwari, ndikaona kuti zvakana.

3 Uye ini Mwari, ^andakaropa-fadza zuva rechinomwe, uye ndikarichenesa; nokuti mariri ndakazorora ^bmubasa rangu rose iro ini Mwari, ndakanga ndasika nekugadzira.

4 Uye zvino tarisai, ndinoti kwauri, kuti izvi ndizvo zvi-zvarwa zvedenga nezvepasi, pazvakasikwa, muzuva iro ini Ishe Mwari, randakagadzira denga nepasi;

5 Uye chose chinomera musa-ngo ^achisati chave muvhu, negwenzi rose resango risati rakura. Nokuti, ini Ishe Mwari, ^bndakasika zvinhu zvose, izvo zvandakataura nezvazvo, zviri ^cmumweya, zvisati zvave sezva-zviri pamusoro penyika. Nokuti ini Ishe Mwari, handina kunge ndaita kuti kunaye pamusoro penyika. Uye ini Ishe Mwari, ndakanga ^andasika vana vose vevanhu; uye kwete munhu wekurima ^civhu, nokuti ^fkude-

29a Gen. 1:29–30;
Abr. 4:29–30.

31a Gen. 1:31;
D&Z 59:16–20.
b Eks. 20:11; Abr. 4:31.

3 1a NKM Sika.
b Gen. 2:1;
Abr. 5:1.

2a Gen. 2:2–3;
Abr. 5:2–3.
NKM Zororo.
b NKM Zuva reSabata.

3a Mosaya 13:19.
b Eks. 31:14–15.
5a Gen. 2:4–5;
Abr. 5:4–5.

b Mos. 6:51.
c Abr. 3:23;
D&Z 29:31–34.
NKM Kusikwa
muMweya.
d NKM Mweya.
e Gen. 2:5.
f NKM Denga.

nga ndiko ^skwandakavasika; uye kwakanga kusati kwave nenyama panyika, kana mumvura, kana mumhepo;

6 Asi ini Ishe Mwari, ndakatura, uye kukasimuka ^amhute kubva pasi, uye ikadiridza pamusoro penyika yose.

7 Uye ini Ishe Mwari, ndakamba munhu kubva ^amuguruva repasi, uye ndikafemera mhuno dzake mweya weupenyu; uye ^bmunhu akave mweya ^cunorarama, nyama ^dyekutanga pamusoro penyika, munhu wekutangawo, zvakadaro, zvinhu zvose zvakanga zvasikwa; asi mumweya zvakasikwa uye zvakagadzirwa maererano nezwi rangu.

8 Uye ini Ishe Mwari, ndakadyara bindu nechokumabvazuva ^amuEdeni, uye imomo ndikaisa munhu wandakanga ndaumba.

9 Uye kubva mvhu ndakagadzira, ini Ishe Mwari, kuti mukure wose muti, unokura wega, unofadza mumaziso emunhu; uye munhu agogona kuuona. Uye naiwo wakave zvakare mweya unorarama. Nokuti waive wemweya musu wanda-kausika; nokuti unogara uri munzvimbo umo ini Mwari, mandakausikira, hongu, kunyangwe zvose zvinhu zvandakagadzirira kushandiswa nemunhu, uye munhu akaona kuti

zvakanaka kuve zvekudya. Uye ini Ishe Mwari ndakadyara ^amuti weupenyu zvakare pakati pebindu, zvakare ^bnemuti weruzivo wezvakanaka nezvakaipa.

10 Uye ini Ishe Mwari, ndakaita kuti rukova rwubve muEdeni kunodiridza bindu; uye kubvira ipapo rwakanga rwapatsanurwa, uye rwukave ^ahova ina.

11 Uye ini Ishe Mwari, ndakaidza rwekutanga kuti Pisoni, uye rwakatenderedza yose nyika yeHavira, uko ini Ishe Mwari, ndakasika goridhe rakawanda;

12 Uye goridhe renyika iyoyo rakanga rakanaka, uye maive nedheriamu nebwe reoniksi.

13 Uye zita rerukova rwechikipiri rainzi Gihoni; rwumwecheterwo rwunonotenderedza nyika yose yeEtiopia.

14 Uye zita rerukova rwechitatu rainzi Hidekeri; urwo rwunoenda nechekumabvazuva eAsiria. Uye rukova rwechina rwaive Yufratesi.

15 Uye ini Ishe Mwari, ndakatora munhu, uye ndakamuisa muBindu reEdeni, kuti arishongedze, nokurichengeta.

16 Uye ini Ishe Mwari, ndakairaira munhu ndichiti: Kumiti yose yebindu unogona kudya wakasununguka.

17 Asi zvemuti weruZivo rwezvakanaka nezvakaipa, iwe usazoudya, zvisinei, iwe unogona

5g NKM Munhu—
Munhu, Mwana
weMweya waBaba
veKudenga.

6a Gen. 2:6.

7a Gen. 2:7;

Mos. 4:25; 6:59;

Abr. 5:7.

b NKM Adama.

c NKM Mweya (Mweya
neMuviri).

d Mos. 1:34.

8a NKM Edeni.

9a NKM Muti weUpenyu.

b Gen. 2:9.

10a Gen. 2:10.

“kuzvisarudzira pachako, noku-
ti zvapihwa kwauri; asi, yeuka
kuti ini ndinozvirembidza, no-
kuti ^bmuzuva rauchadya iwoyu,
iwe zvechokwadi ^cuchafa.

18 Uye ini Ishe Mwari, ndaka-
ti kune wangu “Mumwechete
Akaberekwa, kuti hazvina
kunaka kuti murume ave ega;
nokudaro, ndichamuitira ^bmu-
yururi akamukwanira.

19 Uye kubva muvhu, ini Ishe
Mwari, ndakaumba mhuka
yose yesango, neshiri yose yede-
nga; uye ndikaraira kuti zviuye
kuna Adama, kuti aone kuti
angazvidaidza kuti chiyi; uye
zvaive zviri mweya unorarama;
nokuti ini Mwari, ndakazvife-
mera mweya weupenyu, uye
ndikaraira kuti chose zvacho
chikisikwa chinorarama chine-
nge chatumidzwa zita naAda-
ma, ndiro richave zita racho.

20 Uye Adama akapa mazita
kune dzose mombe, nokushiri
dzedenga, nekumhuka dzose
dzesango; asi kuna Adama,
hakuna kuwanikwa mubatsiri
akamukwanira.

21 Uye ini Ishe Mwari, ndaka-
ita kuti Adama akotsire chai-
zvo; uye akakotsira, ndikatora
imwe yembabvu dzake uye
ndikavhara pakare nyama
munzvimbo yayo;

22 Uye rumbabvu urwo ini
Ishe Mwari, rwandakanga nda-

tora kumurume, ini ndakaita
“mukadzi, uye ndikamuunza
kumurume.

23 Uye Adama akati: Uyu
ndave kuziva zvino kuti ibvu-
pa remapfupa angu, “nenyama
yenyama yangu; achadaidzwa
kuti Mukadzi, nokuti akabvi-
swa pamurume.

24 Nokudaro murume achasi-
ya baba vake naamai vake,
uye “achanamatira kumukadzi
wake; uye ivavo vachave nya-
ma ^bimwechete.

25 Uye vakanga vasina kusi-
mira vose, murume nemukadzi
wake, uye vakanga vasinga-
nyare.

CHITSAUKO 4

(Chikumi—Gumiguru 1830)

*Kuti Satani akave Dhiabhorosi sei
—Anoyedza Eva—Adama naEva
vanopunzika uye rufu rwunopinda
munyika.*

UYE ini Ishe Mwari, ndakataura
kunaMosesi, ndichiti: Kuti
“Satani, uyo awakataurira muzi-
ta rewangu Mumwechete Aka-
berekwa, ndiyeyo mumwechete
kubva ^bpakutanga, uye akauya
pamberi pangu achiti—Tarisai,
ndiri pano ini, nditumei ndicha-
ve mwanakomana wenyu, uye
ndichanunura rudzi rwose rwe-
vanhu zvekuti hakuna mweya

17a Mos. 7:32.
NKM Kuzvisarudzira.
b Abr. 5:13.
c Gen. 2:17.
NKM Rufu,
rwenyama; Upenyu
hwenyama.

18a NKM Mumwechete
Akaberekwa.
b Gen. 2:18;
Abr. 5:14.
22a NKM Eva; Mukadzi.
23a Gen. 2:23;
Abr. 5:17.

24a Gen. 2:24;
D&Z 42:22; 49:15–16;
Abr. 5:17–18.
b NKM Kuroora.
4 1a NKM Dhiabhorosi.
b D&Z 29:36–37.

mumwechete ucharasika, uye chokwadi “ini ndichazviita; nokudaro ndipei rukudzo rwenyu.

2 Asi, tarisai wangu “Mwanakomana Anodiwa, uyo aiva wangu anodiwa uye ^bAkasarudzwa kubva pakutanga, akati kwandiri—^cBaba, ^dkuda kwenyu ngakuitwe, uye ^ekubwinya kuve kwenyu narinhi.

3 Nokudaro, pamusana pekuti iyeyo Satani “akandipandukira, uye akatsvaga kuparadza ^bkuzvifungira kwemunhu, uku kwandakanga ini Ishe Mwari, ndamupa, uye zvakare, kuti ndimupe simba rangu, nesimba rewangu Mumwechete Akaberekwa, ndakaita kuti “akandirwe pasi;

4 Uye akave Satani, hongu, kunyangwe dhiaborosi, baba “wenhema dzose, kunyengedza nokupofomadza vanhu, nokuvaisa muhusungwa paadira, kunyangwe vazhinji vasina kuda kunzwa kuizwi rangu.

5 Uye zvino nyoka yakanga “iinemano kupfuura dzimwe mhuka dzesango idzo ini Ishe Mwari, ndakanga ndaita.

6 Uye Satani akazviisa mu-mwoyo wenyoka, (nokuti akanga akwezvera vazhinji kwaari,) uye akatsvaga zvakare kunyengedza “Eva, nokuti akanga asingazive pfungwa yaMwari,

nokudaro akatsvaga kuparadza nyika.

7 Uye akati kumukadzi: Hongu, Mwari vakati here—Musadye muti wose “wemubindu? (Uye akataura nemuromo wenyoka.)

8 Uye mukadzi akati kunyoka: Tingadye muchero yemiti yemubindu;

9 Asi pamichero yemuti wakatarisa uri pakati pebindu, Mwari vakati—Imi hamudye, kana kuubata, potse munofa;

10 Uye nyoka yakati kumukadzi: chokwadi hamufe;

11 Nokuti Mwari vanoziva kuti muzuva ramunoudya, ipapo “maziso enyu achavhurika, uye muchave savamwari, ^bkuziva chakanaka nechakaipa.

12 Uye apo mukadzi akaona kuti muti uyu wakange wakanaka kudya, uye nokuti wakabva wamunakira mumaziso, uye muti “waidiwa kuti angware, akatora muchero iwoyo, uye ^bakadya, uyewo akapa kumurume wake pamwechete naye, naiyewo akadya.

13 Uye maziso avo vose akavhurwa, uye vakaziva kuti vakanga “vasina kusimira. Uye vakasonanidza mashizha emukuyu pamwechete uye vakazviitira hembe.

14 Uye vakanzwa izwi raIshe

1c Isa. 14:12–15.

2a NKM Jesu Kristu.

b Mos. 7:39; Abr. 3:27.
NKM Kufano gadzwa.

c NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Baba.

d Ruka 22:42.

e NKM Kubwinya.

3a NKM Dare rekuDenga.

b NKM Kuzvisarudzira.

c D&Z 76:25–27.

4a 2 Ni. 2:18; D&Z 10:25.
NKM Hunyengedzi;
Kunyepa.

5a Gen. 3:1;

Mosaya 16:3;

Aruma 12:4.

6a NKM Eva.

7a NKM Edeni.

11a Gen. 3:3–6;

Mos. 5:10.

b Aruma 12:31.

12a Gen. 3:6.

b NKM Kupunzika

kwaAdama naEva.

13a Gen. 2:25.

Mwari, pavakanga “vachifamba mubindu, mukutonhorera kwezuya; uye Adama nemudzimai wake vakaenda kunohwanda kubva pamberi paIshe Mwari mukati memiti yebindu.

15 Uye ini Ishe Mwari, ndakaidza Adama, uye ndikati kwaari: Uri “kuenda kupi?

16 Uye iye akati: Ndanzwa izwi renyu mubindu, uye ndikaty, nokuti ndaona kuti handina kusimira, uye ndikahwanda.

17 Uye ini Ishe Mwari, ndakati kuna Adama: Ndiani akuudza kuti hauna kusimira? Asi wadya muti wandakakurairira kuti usadye, kana zviriro izvo chokwadi “uchafa?

18 Uye murume akati: Mukadzi wamakandipa, uye mukataura kuti akafanira kugara neni, andipa muchero uya uye ini ndikadya.

19 Uye ini Ishe Mwari, ndakati mukadzi: Chii ichi chinhu chawaita? Uye mukadzi akati: Nyoka “yandinyengedza, uye ndikadya.

20 Uye ini Ishe Mwari, ndakati kunyoka: Nokuti waita izvi “uchatukwa kupfuura dzose mombe, nokupfuura dzose mhuka dzesango; padumbu rako ndopauchafamba napo, uye guruva ndorauchadya mazuva ose eupenyu hwako;

21 Uye ndichaisa kuvengana pakati pako nemukadzi, pakati

pembeu yako nembeu yemukadzi; uye acharova musoro wako, uye iwe ucharuma chitsitsinho chake.

22 Kumukadzi, ini Ishe Mwari, ndakati: Ndichapamhidzira zvikuru “kusuwa kwako nokubata kwako pamuviri. Mukusuwa uchazvara vana, uye chidochako chichave kumurume wako, uye achave anokutonga.

23 Uye kuna Adama, ini Ishe Mwari, ndakati: Pamusana pekuti wateerera kuizwi remukadzi wako, uye ukadya muchero wemuti uyo wandakakuraira, ndichiti—Usazoudya; richatukwa ivhu pamusana pako; mukusuwa uchadya zvinobva mariri ose mazuva eupenyu hwako.

24 Neminzwawo, nemiti yeminzwa ichaunza kwauri, uye iwe uchadya magwenzi emusango.

25 “Nedikita rechiso chako uchadya chingwa, kudakara wadzokera kuvhu—nokuti chokwadi uchafa—nokuti iwe wakatorwa mariri: nokuti waive ^bguruva, uye kuguruva uchadzokera.

26 Uye Adama akatumidza zita mukadzi wake kuti Eva, nokuti aive amai vezvose zvipenyu; nokuti ini Ishe Mwari, ndakaidza wekutanga wevakadzi vose, avo vari “vaka-wanda.

27 Kuna Adama, uye zvakare nekumukadzi wake, ndakati ini

14a Gen. 3:8.
15a Gen. 3:9.
17a Gen. 3:17.
19a Gen. 3:13;
Mosaya 16:3.

20a Gen. 3:13–15.
22a Gen. 3:16.
25a Gen. 3:17–19.
NKM Kupunzika
kwaAdama naEva.

^b Gen. 2:7;
Mos. 6:59;
Abr. 5:7.
26a Mos. 1:34; 6:9.

Ishe Mwari, ndakaita mabhatyi edehwe, uye “ndokuvapfekedza.

28 Uye ini Ishe Mwari, ndakaiti kune wangu Mumwechete Akaberekwa: Tarisai, “munhu atoita semumwe wedu ^bkuziva chakanaka nechakaipa; uye zvinno zvimwe angangotambanudzwa ruoko rwake uye ^cakadya naiyewo ^dmuti weupenyu, uye akadya akabva ararama narinhi,

29 Nokudaro ini Ishe Mwari, ndichamubvisa muBindu “reEdeni, kuti anorima ivhu kunove ndiko kwaakatorwa;

30 Nokuti sezvo ini Ishe Mwari, ndichirarama, kunyangwe saizvozvo “mazwi angu haangadzokere asina chinhu, nokuti pakuenda kwaanenge achiita kubva mumuromo mangu anofanirwa kuzadzikiswa.

31 Saka ndakatandira kunze murume, uye ndikaisa kumabvazuva kweBindu reEdeni, “makerubi nemunhondo unobvira, uyo unotenderera kwose kwose kuchengeta nzira yemuti weupenyu.

32 (Uye aya ndiwo mazwi andakaita kumuranda wangu Mosesi, uye ari pachokwadi kunyangwe sezvandingade; uye ini ndakaita nezvazvo kwauri. Usavaratidze kumunhu, kudakara ndakuraira, kunze kwekune avo vanotenda. Amenii.)

CHITSAUKO 5

(Chikumi—Gumiguru 1830)

Adama naEva vanobereka vana—Adama anopira mupiro uye achishandira Mwari—Kaini naAberi vanozvarwa—Kaini anopanduka, anoda Satani kupfuura Mwari, uye anobva ave Kuraswa—Kuponda nekuipa kwakapararira—Vhangeri rinoparidzwa kubvira pakutanga.

UYE zvakaitika kuti mushure ini Ishe Mwari, mekunge ndavatandira kunze, zvakaitika kuti Adama akatanga kurima ivhu, nokuve “nesimba pamusoro pedzose mhuka dzesango, nokuuya chingwa chake kuburikidza neziya rehumu yake, semarairiro andaingenda ndamuita, ini Ishe Mwari. Uye Eva, mudzimai wake, naiyewo aishanda naye.

2 Uye Adama akaziva mukadzi wake, uye “akamuzvarira vanakomana ^bnevanasikana, uye vakatanga ^ckuwanda nokuzadza nyika.

3 Uye kubvira panguva iyoyo, vanakomana ^anevanasikana vaAdama vakatanga kupatsanurana vaviri vaviri munyika, nokurima minda nokufudza zvipfuwo, uye naivowo vakabereka vanakomana nevanasikana.

4 Uye Adama naEva, mukadzi wake, vakadaidza zita raIshe,

27a NKM Kutsiga.

28a Gen. 3:22.

NKM Munhu—
Munhu, Mwana
weMweya waBaba
veKudenga.

b NKM Ruzivo.

c Aruma 42:4-5.

d Gen. 2:9; 1 Ni. 11:25;

Mos. 3:9.

NKM Muti weUpenyu.

29a NKM Edeni.

30a I Madz. 8:56;

D&Z 1:38.

31a Aruma 42:3.

NKM Makerubi.

5 1a Mos. 2:26.

2a Gen. 5:4.

b D&Z 138:39.

c Gen. 1:28; Mos. 2:28.

3a Mos. 5:28.

uye vakanzwa izwi raIshe, richibva nekwakadziva neku-Bindu “reEdeni, richitaura kwa-vari, uye havana kumuona; nokuti vakanga vavharwa kubva ^bpamberi pavo.

5 Uye akapa kwavari mirairo, kuti ^avagonamata Ishe Mwari vavo, uye vagopira zvipfuwo zvavo ^bzvekutanga, semupiro kuna Ishe. Uye Adama ^cakaterera kumirairo yaIshe.

6 Uye mushure memazuva mazhinji ^angirozi yaIshe yakazviratidza kuna Adama, ichiti: Sei uchipira ^bmipiro kuna Ishe? Uye Adama akati kwairi: Handizive, asi kuti Ishe vakanditaurira kuti ndiite.

7 Uye zvino ngirozi yakataura ichiti: Ichi chinhu ^achakafanana ^bnokuzvipira kweMumwechete Akaberekwa waBaba, uyo azere ^cnenyasha nechokwadi.

8 Nokudaro, uchaita zvose izvo zvaunoita ^amuzita reMwanakomana, uye ^buchatendeuka uye ^cugodaidza Mwari muzita reMwanakomana kudakara narinhi narinhi.

9 Uye muzuva iroro Mweya ^aMutsvene wakawira pana

Adama, uyo unopupura nezva-Baba neMwanakomana uchiti: Ndini ^bMumwechete Akaberekwa waBaba kubvira pakutanga, kusvika zvino narinhi, kuti sezvo iwe ^cwakapunzika ^dungangonunurwa, nerudzi rwevanhu rwose, kunyangwe sevazhinji vachada.

10 Uye muzuva iroro Adama akaropafadza Mwari uye ^aakazadzwa uye akatanga ^bkuporofita pamusoro pemhuri dzose dzepasi, achiti: Ngaripafadzwe zita raMwari, nokuti pamusana pekutadza kwangu maziso angu akazaruka, uye muupenyu huno ndichawana ^crufaro, uye zvakare ^dmunya-ma ndichaona Mwari.

11 Uye ^aEva, mukadzi wake, akanzwa zvose zvinhu izvi uye akafara, achiti: Dai pasina kutadza kwedu tingadai tisina kana kuzoita ^bmbeu, uye tingadai tisina kuzoziva chakanaka necha-kaipa, nerufaro rwekununurwa kwedu, noupenyu hwokusingapere uhwo Mwari hwavanopa kune vose vanoteerera.

12 Uye Adama naEva vakaropafadza zita raMwari, uye

4a NKM Edeni.

b Aruma 42:9.

5a NKM Kunamata.

b Eks. 13:12–13;

Num. 18:17;

Mosaya 2:3.

NKM Dangwe.

c NKM Anoteerera.

6a NKM Ngirozi.

b NKM Kupira.

7a NKM Jesu Kristu—

Marudzi kana

mucherechedzo

waKristu.

b Aruma 34:10–15.

NKM Ropa.

c Mos. 1:6, 32.

NKM Nyasha.

8a 2 Ni. 31:21.

b Mos. 6:57.

NKM Rutendeuko.

c NKM Munamato.

9a NKM Mweya

Mutsvene.

b NKM Jesu Kristu;

Mumwechete

Akaberekwa.

c NKM Rufu, rweMweya;

Kupunzika

kwaAdama naEva.

d Mosaya 27:24–26;

D&Z 93:38;

Mis. yeCh. 3.

NKM Hurungwa

hweRununuro;

Akanunura.

10a NKM Kuberekwa

naMwari,

Kuberekwa Patsva.

b D&Z 107:41–56.

NKM Huporofita.

c NKM Rufaro.

d Jobo 19:26; 2 Ni. 9:4.

11a NKM Eva.

b 2 Ni. 2:22–23.

vakaita kuti zvose zvinhu “zvi-ziikanwe kuvanakomana vavo nekuvanasikana vavo.

13 Uye “Satani akauya pakati pavo, achiti: Ini ndiri Mwanawo waMwari; uye akavaudza, achiti: Musazvitende; uye ^bvakasazvitenda, uye ^cvakada Satani kupfuura Mwari. Uye vanhu vakatanga kubva panguva iyoyu kuve ^dvenyama, nekuzvifadza, nokuita zvadhiaborosi.

14 Uye Ishe Mwari vakaidaidza vanhu neMweya “Mutsvene kwose kwose uye vakavaraira kuti vanofanira kutendeuka;

15 Uye vose vazhinji ^avanotenda muMwanakomana, uye vakatendeuka kuzvivi zvavo, vanofanirwa ^bkuponeswa; uye nevazhinji vose vasinakutenda nevasinakutendeuka, vanofanira ^ckutongwa; uye mazwi aya akaenda achibva mumuro mo maMwari muchirevo chakasimba, nokudaro anofanira kuzadzikiswa.

16 Uye Adama naEva, mukadzi wake, havana kuregera kudaidza kuna Mwari. Uye Adama akaziva Eva, mukadzi wake, uye akabata pamuviri uye akazvara “Kaini, uye akati: Ndawana murume kubva kuna Ishe; nokudaro haangarambe mazwi avo. Asi tarisai, Kaini haana kuteerera, achiti: Ndiani Ishe avo vandinofanira kuziva?

17 Uye akabata pamuviri zvakare uye akazvara munin’ina wake “Aberi. Uye Aberi ^bakanzwa izwi raIshe. Uye Aberi aiva mufudzi wehwai, asi Kaini aiva murimi wevhu.

18 Uye Kaini “akada Satani kupfuura Mwari. Uye Satani akamuraira achiti: ^bIta mupiro kuna Ishe.

19 Uye nemukufamba kwenyuva zvakaitika kuti Kaini akaunza michero yevhu kumupiro wekuna Ishe.

20 Uye Aberi, naiyewo akauunza matangwe edanga rake, nemafuta adzo. Uye Ishe vakaremekedza Aberi, “nemupiro wake;

21 Asi kuna Kaini, uye “kumupiro wake, haana kuugashira. Zvino Satani aizviziva izvi, uye zvakamufadza. Uye Kaini akashatirwa zvikuru, uye husu hwake hukadonha.

22 Uye Ishe vakati kuna Kaini: Ko washatirwa nei? Sei husu hwako hwadonha?

23 Kana ukaita zvakanaka, “uchatambirwa. Uye kana ukasaita zvakanaka, chivi chirere pamusuwo, uye Satani anoda kuti uve wake; uye kunze kwekunge wateerera kumirairo yangu, ndichakuisa kwaari, uye zvichave kwauri kuita maerano nezvaanoda. Uye ucha-
mutonga;

12a Deut. 4:9.

13a NKM Dhiaborosi.

b NKM Kusadaira.

c Mos. 6:15.

d NKM Zvenyama;

Munhu weNyama.

14a Joh. 14:16–18, 26.

15a NKM Daira.

b NKM Ruponeso.

c D&Z 42:60.

NKM Kuraswa.

16a Gen. 4:1–2.

NKM Kaini.

17a NKM Aberi.

b VaH. 11:4.

18a D&Z 10:20–21.

b D&Z 132:8–11.

20a NKM Mupiro; Kupira.

21a Gen. 4:3–7.

23a Gen. 4:7;

D&Z 52:15; 97:8.

24 Nokuti kubvira panguva ino iwe uchave baba wemanyepo ake; uchadaidzwa kunzi “Kuraswa; nokuti newewo wakanga uripo nyika isati.

25 Uye zvichanzi munguva dzichauya—Kuti “kuipa kwose kwakabva kuna Kaini; nokuti akaramba kurairwa kukuru kwakabva kunaMwari; uye uku kutukwa kwandichaisa pauri, kunze kwekunge watendeuka.

26 Uye Kaini akashatirwa, akasazoteerera zvakare kuzwi raIshe, kana kuna Aberi, munin’ina wake, uyo aifamba muhutsvene pamberi palshe.

27 Uye Adama nemukadzi wake vakachema pamberi palshe, pamusana paKaini nehama dzake.

28 Uye zvakaitika kuti Kaini akatora mumwe wevanasikana vemunin’ina wake kuti ave mukadzi wake, uye “vakada Satani kupfuura Mwari.

29 Uye Satani akati kuna Kaini: Pika kwandiri, nehuro yako uye kana ukazvitauro uchafa; uye pikisa hama dzako nemisoro yadzo, naMwari vapenyu, kuti vasazvitaure; nokuti kana vakazvitauro, chokwadi vachafa; uye izvi kuti baba vako vasazive nhasi ndichaisa munin’ina wako Aberi mumaoko ako.

30 Uye Satani akapika kuna Kaini kuti iye achaita maererano

nemirairo yake. Uye zvose izvi zvinhu zvakaitwa muruvande.

31 Uye Kaini akati: Chokwadi ndini Mahani, muridzi weichi chikuru chakavandika, kuti “ndinoponda uye ndigowana. Nokudaro Kaini akadaidzwa kuti vaTenzi^bMahani, uye akazvikudza muhuipi hwake.

32 Uye Kaini akaenda musango, uye Kaini akataura naAberi, munin’ina wake. Uye zvakaitika kuti pavakanga vari musango, Kaini akamukira Aberi, munin’ina wake, uye akamuuraya.

33 Uye Kaini “akazvikudza mune zvaakanga aita, achiti: Ndasununguka; chokwadi zvipfuwo zvemunin’ina wangu zvave mumaoko angu.

34 Uye Ishe vakati kuna Kaini: Ko arikupi Aberi munin’ina wako? Uye iye akati: Handizive. Ndini “muchengeti weminin’ina wangu here?

35 Uye Ishe vakati: Chii chawaita? Izwi reropa remunin’ina wako ririkuchema kwandiri kubva muvhu.

36 Uye iwe uchatukwa kubva muvhu iro rashama muromo waro kutambira ropa remunin’ina wako kubva mumaoko ako.

37 Paunorima ivhu, kubvira zvino harichakupa simba raro. Uchave “mutizi uye mudzungairi pano panyika.

38 Uye akati kuna Ishe: Satani

24a NKM Vanakomana veKuraswa.

25a Hir. 6:26–28.

28a Mos. 5:13.

31a NKM Kuponda.

b NEMAMWE MAZWI

“Pfungwa,”
“muparadzi,” ne
“mukuru uya”
zvingangova
zvinoreva midzi iri
muna “Mahani”.

33a NKM Kudada;

Zvemunyika.

34a Gen. 4:9.

37a Gen. 4:11–12.

“akandiyedza pamusana pezvipfuwo zvemunin’ina wangu. Uye ini ndakanga ndakashati-rwawo; nokuti mupiro wake makautambira kwete wangu; kurangwa kwangu kwakakura kupfuura zvandinogona kutakura.

39 Tarisai mandibvisa nhasi uno pahuso hwaIshe, uye huso hwenyu ndichauhwananda; uye ndichave mutizi uye nemudzunzangairi pano panyika; uye zvichaitika, kuti uyo achandiwana achandiuraya, pamusana pekui-pa kwangu, nokuti zvinhu izvi hazvina kuvanzika kuna Ishe.

40 Uye ini Ishe ndakati kwaari: Anizvake anokuuraya, achatsivizwa kanokwana kanomwe. Uye ini Ishe ndakaisa “chiratidzo pana Kaini, potse ani zvake anomuwana anga muuraye.

41 Uye Kaini akapfigurwa kunze kubva “pamberi Ishe, nemukadzi wake nevazhinji vehama dzake vakagara munyika yeNodhi, kumabvazuva kweEdeni.

42 Uye Kaini akaziva mukadzi wake, uye akabata pamuviri uye akazvara Enoki, uye iyewo akabereka vanakomana vazhinji uye nevanasikana. Uye akavaka “guta, uye akadaidza zita reguta pazita remwanakomana wake, Enoki.

43 Uye kuna Enoki kwakazvarwa Iradi, nevamwe vanakomana nevanasikana. Uye Iradi akabereka Mahujaeri, nevamwe vanakomana nevanasikana. Uye Mahujaeri akabereka Metushaeri nevamwe vanakomana nevanasikana. Uye Metushaeri akabereka Rameki.

44 Uye Rameki akazvitorera vakadzi vaviri; zita remumwe rainzi Ada, uye zita remumwe richinzi, Zira.

45 Uye Ada akazvara Jabari; aive baba weavo vaigara mumatende, uye vaive vafudzi vemo-mbe; uye zita remunin’ina wake Jubari, aive baba weavo vose vanoridza mbira nemarimba.

46 Uye Zira, naiyewo akazvara Tubari Kaini, mudzidzisi wevose vaipfura dare nesimbi. Uye hanzvadzi yaTubari Kaini yainzi Naama.

47 Uye Rameki akati kuvakadzi vake, Ada naZira: Inzwai izwi rangu, imi vakadzi vaRameki, teererai kutaura kwangu; nokuti ndauraya murume, zvandikuvadza kwangu, uye murume wechidiki zvichandirwadza.

48 Kana Kaini achitsiviwa zvapakapetwa kanomwe, chokwadi Rameki achatsiviwa zvapakapetwa “makumi manomwe nekanomwe.

38a NKM Kuchiva;
Chiedzo.

40a Gen. 4:15.

41a Mos. 6:49.

42a NEMAMWE MAZWI

Kwaive nemurume ainzi Enoki wedzinza raKaini, uye neguta raidaidzwa nezita iri pakati pevanhu vake.

Musakanganise izvi naEnoki wedzinza rakarurama raSeti uye neguta rake, Zioni, raidaidzwa zvakare kuti “Guta raEnoki.”

48a Gen. 4:24.

NEMAMWE MAZWI
Rameki

akazvitutumadza achitiSatani aizomuitira zvakawanda kupfuura zvaakaitira Kaini. Zvikonzero zvekufunga kwake uku zvapakapetwa mundima 49 ne 50.

49 Nokuti Rameki ari akanga apinda “muchibvumirano naSatani, mushure metsika yaKaini, iyo yakaita kuti ave Tenzi Mahani, muridzi wechiya chakavandika chikuru chakapihwa kuna Kaini naSatani; uye Iradi, mwanakomana waEnoki, aziva chakavanda chavo, akatanga kuchitaura kuvanakomana vaAdama;

50 Nokudaro Rameki, noku-shatirwa, akamuuraya, kwete sezvakaita Kaini, kumunin’ina wake Aberi, pamusoro pekuda kuwana, asi akamuuraya pamusana pemhiko.

51 Nokuti, kubvira kumazuva aKaini, kwaive nehurongwa “hwemuruvande, uye mabasa avo aiive emurima, uye vaiziva munhu ega ega munin’ina wake.

52 Nokudaro Ishe vakatuka Rameki, nembera yake nevose avo vakanga vabvumirana naSatani; nokuti havana kuchengeta mirairo yaMwari, uye hazvina kufadza Mwari, uye havana kuzovadzidzisa, uye mabasa avo aive kunyangadza, uye akatanga kupararira kune vose “vanakomana vevanhu. Uye akave mukati mevana vevanhu.

53 Uye mukati mevasikana vevanhu izvi zvinhu zvakananga zvisingataurwe, nokuti Rameki akanga ataura chakavandika kuvakadzi vake, uye vakabva vamupandukira, uye

vakataura zvinhu izvi zvika-svika kure, uye havana kunge vaine tsitsi;

54 Nokudaro Rameki akashorwa, uye akatandirwa kunze, uye akasauya pakati pevanakomana vevanhu, nokuti aizofa.

55 Uye mabasa “erima akatanga kukura pakati pevose vanakomana vevanhu.

56 Uye Mwari vakatuka nyika nekutuka kunorwadza, uye vakashatirirwa vakaipa, nevakanomana vevanhu vavakanga vasika;

57 Nokuti vakanga vasingate-erere kuzwi ravo, kana kute-nda kune wavo Mwanakomana “Mumwechete Akaberekwa, kunyangwe iye wvakataura kuti achauya pakati nepakati penguva, akanga akagadzirira kubvira hwaro hwenyika husati hwavepo.

58 Uye ndiko kutanga kwakaita kuparidzwa “kweVhangeri, kubvira pakutanga, richitaurwa ^bnengirozi tsvene dzaitumwa kubva kuna Mwari, uye nezwi ravo pachavo, uye ‘nechipo cheMweya Mutsvene.

59 Uye ndiko kusimbiswa kwakaitwa zvinhu zvose kuna Adama, nechisungo chitsvене, neVhangeri rikaparidzwa, uye chisumo chikatimirwa, kuti rive munyika, kudakara kuguma kwayo; uye ndozvazvakaita. Amen.

49a NKM Chitsidzo.

51a NKM Huranganwa hwemuruvande.

52a Mos. 8:14-15.

55a NKM Rima,

zveMweya; Akaipa.

57a NKM Jesu Kristu.

58a NKM Vhangeri.

^b Aruma 12:28-30;

Moro. 7:25, 29-31.

NKM Ngirozi.

^c NKM Chip

cheMweya Mutsvene.

CHITSAUKO 6

(Mbudzi—Zvita 1830)

Mbeu yaAdama inochengeta bhuku rendangariro—Vana vake vakarurama vanoparidza kutendeuka—Mwari vanozviratidza kuna Enoki—Enoki anoparidza vhangeri—Hurongwa hweruponeso hwakaratidzwa kuna Adama—Akagashira rubhabhatidzo nehupirisita.

UYE “Adama akateerera kune izwi raMwari, uye akadaidza vana vake kuti vatendeuke.

2 Uye Adama akaziva mukadzi wake zvakare, uye akabara mwanakomana, uye akadaidza zita rake kuti “Seti. Uye Adama akarumbidza zita raMwari; nokuti akati: Mwari vandidomera imwe mbeu, munzvimbo yaAberi, uyo Kaini waakauraya.

3 Uye Mwari vakazviratidza pachavo kuna Seti, uye iye haana kupanduka, asi akapira “mupiro wakatambirwa, sewe mukoma wake Aberi. Uye kuna iyewo kwakazvarwa mwanakomana, uye akadaidza zita rake kuti Enosi.

4 Uye ipapo ava varume vakatanga “kudaidza zita raIshe, uye Ishe vakavaropafadza;

5 Uye “bhuku rendangariro rakachengetwa, umo mainyo-

rerwa, mururimi rwaAdama, nokuti zvakange zvakapihwa kune vose vaidaidza kuna Mwari kuti vanyore kuburikidza nemweya ^bwekufemerwa; 6 Uye kuburikidza naivo vana vavo vakadzidziswa kuverenga nokunyora, vaine mutauro wakange wakachena usina kusvibiswa.

7 Zvino ihwohu “Hupirisita humwechete hwo, hwaivepo pakutanga, huchavepowo mukuguma kwenyika.

8 Zvino huporofita uhwo hwakataurwa naAdama, achifemerwa neMweya “Mutsvene, uye ^bnhoroondo yemadzinza yakachengetwa ^cyevana vaMwari. Uye iri raive “bhuku rezvizvarwa zvaAdama, achiti: Muzuva iro Mwari ravakasika munhu, mumufananidzo waMwari vakamuita;

9 “Mumufananidzo wemuviri wavo murume nemukadzi, vakavasika ^bivo uye vakavaropafadza vakadaidza mazita avo kuti ^cAdama, muzuva ravakasikwa uye vakave ^dmweya mipenyu munyika iri ^emuchituru chetsoka chaMwari.

10 Uye “Adama akagara kwemazana nemakumi matatu emakore, uye akabereka mwanakoma akafanana naye ^bmu-

6 1a NKM Adama.

2a Gen. 4:25.

NKM Seti.

3a NKM Kupira.

4a Gen. 4:26.

NKM Munamoto.

5a Abr. 1:28, 31.

NKM Bhuku

Rendangariro.

b NKM Kutunhwa.

7a NKM Hupirisita.

8a II Pet. 1:21.

b NKM Nhorooondo

yezvizvarwa.

c NKM Vanakomana

neVanasikana

vaMwari.

d Gen. 5:1.

9a Gen. 1:26–28;

Mos. 2:26–29;

Abr. 4:26–31.

b NKM Munhu.

c Mos. 1:34; 4:26.

d NKM Mweya (Mweya

neMuviri).

e Abr. 2:7.

10a D&Z 107:41–56.

b Gen. 5:3;

D&Z 107:42–43;

138:40.

mufananidzo wake, uye akadaidza zita rake kuti Seti.

11 Uye mazuva aAdama, mushure mekunge abereka Seti, aive mazana masere emakore, uye akabereka vanakomana nevanasikana vazhinji;

12 Uye ose mazuva ayo akagarwa naAdama aive mazana mapfumbamwe nemakumi matatu emakore, uye akafa.

13 Seti akagara zana neshanu remakore, uye akabereka Enosi, uye akaporofita mumazuva ake ose, uye akadzidzisa mwana komana wake Enosi munzira dzaMwari; nokudaro naiyewo Enosi akaporofita.

14 Uye Seti akagara, shure kwekubereka Enosi, mazana masere nemakore manomwe, uye akabereka vanakomana nevanasikana vazhinji.

15 Uye vana vevanhu vakawanda pamusoro penyika. Uye mumazuva iwayo Satani akanga aine ^ahutongi hukuru pakati pevanhu, uye achitonga nechisimba mumwoyo yavo; uye kubvira ipapo kwakauya hondo nokudeuka kweropa; uye ruoko rwemunhu rwairwisa hama yake, mukukonzera rufu, pamusana pemabasa ^bemuruvande, vachitsvaka simba.

16 Ose mazuva aSeti aive mazana mapfumbabwe ane makore gumi nemaviri, uye akafa.

17 Uye Enosi akagara makumi mapfumbamwe emakore, uye ndokubereka ^aKainami. Uye Enosi nevamwe vose vanhu

vaMwari vakabuda munyika iyi, yainzi Shuroni, uye vakanogara munyika yechipikirwa, iyo yaakadaidza nezita remwanakomana wake, uyo waakanga atumidza kuti Kainami.

18 Uye Enosi akagara, mushure mekubereka Kainami, mazana masere negumi rine makore mashanu, uye akabereka vanakomana nevanasikana vazhinji. Uye ose mazuva aEnosi aive mazana mapfumbamwe nemakore mashanu, uye akafa.

19 Uye Kainami akagara makumi manomwe emakore, uye ndokubereka Maharareri; uye Kainami akagara mushure mekubereka Maharareri mazana masere ane makumi mana emakore, uye ndokubereka vanakomana nevanasikana. Uye ose mazuva aKainami aive mazana mapfumbamwe nemakore gumi, uye akafa.

20 Uye Muharareri akagara makumi matanhatu nemashamu emakore, ndokubereka Jaredi; uye Muharareri akagara, mushure mekunge abereka Jaredi, mazana masere nemakore makumi matatu, uye ndokubereka vanakomana nevanasikana. Uye ose mazuva aMuharareri aive mazana masere nemakumi mapfumbamwe nemakore ane mashanu, uye akafa.

21 Uye Jaredi akagara zana nemakumi matanhatu nemaviri emakore, uye ndokubereka ^aEnoki; uye Jaredi akagara, mushure mekubereka Enoki,

15a Mos. 5:13.

^b NKM Huranganwa hwemuruvande.

17a Gen. 5:10–14;
D&Z 107:45, 53.
21a Gen. 5:18–24;

Mos. 7:69; 8:1–2.
NKM Enoki.

mazana masere emakore, uye akabereka vanakomana nevanasikana. Uye Jaredi akadzidzisa Enoki munzira dzose dzaMwari.

22 Uye iyi ndiyo nhoroondo yekuberekwa kwevanakomana vaAdama, akanga ari “mwana komana waMwari, uyo aitura naMwari pachake.

23 Uye vaive “vaparidzi vekururama, uye vachitaura uye ^bvachiporofita, uye vachidaidza vose vanhu, kwose kwose, kuti “vatendeuke; uye ^arutendo rwakadzidziswa kuvana vevanhu.

24 Uye zvakaitika kuti ose mazuva aJaredi aive mazana mapfumbamwe nemakumi matanhatu ane makore maviri, uye akafa.

25 Uye Enoki akagara makumi matanhatu nemakore mashanu, akabereka “Metusara.

26 Uye zvakaitika kuti Enoki akafamba munyika, mukati mevvanhu; uye kufamba kwaaita, Mweya waMwari wakadzika kubva kudenga, uye ukagara paari.

27 Uye iye akanzwa izwi richibva kudenga, richiti: Enoki, mwanakomana wangu, porofita kuvanhu ava, uye uti kwavari—Tendeukai, nokuti vanodaro Ishe: “Ndakashatirirwa vanhu ava uye kushatirwa kwangu kunotyisa kwatungidzirwa vanhu ava, nokuti mwoyo yavo yaoma, uye ^bnzeve dzavo ha-

dzinzwe zvakanaka, uye mazi-so avo “haaone kure;

28 Uye kwezvizvarwa zvakanwanda izvi, kubvira musiri wandakazvisika, “vakarasika, uye vakandiramba, uye vakatsvaga avo mazano murima; nemukunyangadza kwavo vakaronga humhondi, uye vakasachengeta mirairo, yandakapa kuna baba wavo, Adama.

29 Nokudaro, vakapika nhe-ma, “nemhiko dzavo, vakazviunzira rufu; ^bnegehena randakavagadzirira kana vakasatendeuka;

30 Uye ichi chitsiidzo, icho chandakatumira pakutanga kwenyika, chichibva mumuromo mangu, kubvira pahwaro hwacho, nemiromo yevaranda vangu, madzibaba enyu, ndakachitsiidza, kunyangwe sezvachichatumirwa munyika, kusvika kumagumo kwayo.

31 Uye apo Enoki akanzwa mazwi, akakotama pasi, pamberi paIshe, uye akataura pamberi paIshe, achiti: Sei ini ndakawana kudiwa mumaziso enyu, uye asi ini ndiri mwana mudiki, uye vose vanhu vanondivenga; nokuti “ndinokakama; nokudaro ndiri muranda wenyu here?

32 Uye Ishe vakati kuna Enoki: Enda izvozvi uye unoita zvanakuraira, uye hakuna munhu achakubaya. “Shama muromo wako, uye uchazadzwa, uye

22a Ruka 3:38.

23a NKM Muporofita.

^b NKM Huporofita.

^c NKM Rutendeuko.

^d NKM Rutendo.

25a NKM Metusera.

27a D&Z 63:32.

^b Mat. 13:15;

2 Ni. 9:31;

Mosaya 26:28;

D&Z 1:2, 11, 14.

^c Aruma 10:25; 14:6.

28a NKM Hupanduki.

29a NKM Chitsidzo.

^b NKM Gehena.

31a Ekm. 4:10–16;

Jer. 1:6–9.

32a D&Z 24:5–6; 60:2.

ndichakupa zvekutaura, nokuti yose nyama iri mumaoko angu, uye ndichaita zvandinona zvakanaka kwandiri.

33 Iti kuvanhu ava: “Sarudzai imi nhasi, kushandira Ishe Mwari avo vakakusikai.

34 Tarisai Mweya wangu uri pauri, nokudaro ose mazwi ako ndichaatsigira; uye “makomo achakutiza, uye ^bhova dzichasiya nzira dzadzo; uye iwe uchagara mandiri, uye ini mauri; naizvozvo ‘famba neni.

35 Uye Ishe vakataura kuna Enoki, uye akati kwaari: Zora maziso ako nerondo, uye woageza, uye unozoona. Uye iye akaita saizvozvo.

36 Uye akaona “mweya iyo Mwari vakanga vasika; uye vakaonawo zvinhu zvakange zvisingaonokwe nemaziso ^benyama; uye kubvira ipapo kwakauya chirevo kwose kwose munyika: ‘Muoni amutswa naIshe kuvanhu vavo.

37 Uye zvakaitika kuti Enoki akaenda munyika, mukati mevanhu, achimira pamusoro pezvikomo nemunzvimbo dzakakwirira, uye akachema nezwi guru, achipupura zvemabasa avo akaipa; uye vose vanhu “vakagumburwa pamusana pake.

38 Uye vakauya ipapo kuzomunzwa, pamusoro penzvimbo dzakakwirira achiti kuvachengeti vematende. Garai pano imi uye muchengete matende,

uye isu tichienda mberi kunoo-na muoni, nokuti anoporofita, uye mune chinhu chisingazivikanwe munyika; munhu anopenga auya mukati medu.

39 Uye zvakaitika kuti pavakamunzwa, hapana munhu akaisa ruoko paari; nokuti kutya kwakauya pavari vose vakamunzwa; nokuti aifamba naMwari.

40 Uye kwakauya murume kwaari, zita rake rainzi Mahija, uye akati kwaari: Tiudze zviripachena kuti uri ani, uye nokuti unobva kupi?

41 Uye iye akati kwavari: Ndakauya kubva munyika yeKainami, nyika yemadzibaba angu, munyika yekururama kusvika nhasi. Uye baba vangu vakandidzidzisa munzira dzose dzaMwari.

42 Uye zvakaitika, zvandaifamba kubva kunyika yeKainami, nechekugungwa rekumabvazuva, ndakaona chiratidzo; uye tarisai onai matenga ndakaona, uye Ishe akataura neni, uye akandipa murairo; nokudaro, pamusana pezvizvi kuti ndichengete murairo, ndinotaura mazwi aya.

43 Uye Enoki akaenderera nokutaura kwake, achiti: Ishe vakataura neni, ivo mumwechete ndivo Mwari vedenga, uye ndiye Mwari vangu, naMwari venyu, uye murihama dzangu, uye sei “muchizviitira mazano, uye muchiramba Mwari vedenga?

33a NKM Kuzvisarudzira.

34a Mat. 17:20.

^b Mos. 7:13.

^c Gen. 5:24;

Mos. 7:69.

NKM Famba, Famba naMwari.

36a NKM Kusikwa muMweya.

^b Mos. 1:11.

^c NKM Muoni.

37a 1 Ni. 16:1–3.

43a Zir. 1:24–33;

D&Z 56:14–15.

44 Matenga ndiye akaita; “nyika ndiyo ^bchituru chetsoka dzavo; uye hwaro hwacho ndehwavo. Tarisai, ndivo vakahuhwarika, mhomho dzevanhu vakadziunza pamusoro pechiso chayo.

45 Uye rufu rwakauya pama dzibaba edu; zvisinei tinovaziva, uye hatigone kuzviramba, uye vose kunyangwe vekutanga vevose tinovaziva, kunyangwe Adama.

46 Nokuti bhuku “rendangariro takarinyora pakati pedu, maererano nemutowo wakapihwa nemunwe waMwari; uye yakapihwa mutauro wedu.

47 Uye kutaure kwaiita Enoki mazwi aMwari, vanhu vaidera, uye vakatadza kumira pamberi pavo.

48 Uye iye akati kwavari: Pamusana pekuti Adama “akapuzika, tiripo; uye nokupuzika kwake kwakauya ^brufu; uye tinoitwa vatakuri vekusuwa nedambudziko.

49 Tarisai Satani auya pakati pevana vavanhu, uye “anova yedza kuti vamunamate; uye vanhu vavekuita ^bzvenyama, “zvekuzvifadza, nehudhiabhorosi, uye ^dvapfigirwa kunze kubva pamberi paMwari.

50 Asi Mwari vakazivisa ku-

madzibaba edu kuti vose vanhu vanofanira kutendeuka.

51 Uye ivo vakaidza kuna baba wedu Adama nezwi rake, achiti: Ndini Mwari; ndakagadzira nyika, uye “nevanhu ^bvasati vave munyama.

52 Uye ivo vakatiwo kwaari: Kana ukatendeukira kwandiri, uye ukateerera izwi rangu, uye ukatenda, uye ukatendeuka kubva mukutadza kwako kwose, uye “ukabhabhatidzwa, kana mumvura, muzita rewangu Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa, uyo azere ^bnenyasha nechokwadi, uyo ari ‘Jesu Kristu, riri iro ^dzita chete richapihwa pasi pedenga, izvo zvichaunza “ruponeso kuvana vevanhu, imi muchagashira chipo cheMweya Mutsvene, muchikumbira zvose zvinhu muzita rake, uye chose chamuchakumbira, chichapihwa kwamuri.

53 Uye baba vedu Adama vakataura kuna Ishe, uye vakati: Sei vanhu vachifanira kutendeuka uye vachibhabhatidzwa mumvura? Uye Ishe vakati kuna Adama Tarisai “ndakakuregerera zvitadzo zvako muBindu reEdeni.

54 Ndipo pachabva chirevo chakapararira pakati pevvanhu,

44a Deut. 10:14.

^b Abr. 2:7.

46a NKM Bhuku Rendangariro.

48a 2 Ni. 2:25.

NKM Kupuzika kwaAdama naEva.

^b NKM Rufu, rwenyama.

49a Mos. 1:12.

NKM Chiedzo.

^b Mosaya 16:3–4;

Mos. 5:13.

NKM Zvenyama.

^c NKM Kufadza Nyama.

^d NKM Rufu, rweMweya.

51a NKM Munhu—

Munhu, Mwana weMweya waBaba veKudenga.

^b NKM Kusikwa

muMweya.

52a 3 Ni. 11:23–26.

NKM Bhabhatidza.

^b NKM Nyasha.

^c NKM Jesu Kristu.

^d Mabasa 4:12;

2 Ni. 31:21.

^e NKM Ruponeso.

53a NKM Regerera.

kuti “Mwanakomana waMwari
^bakadzikinura mhosva yekuta-
 nga, nokuda kweizvozvo zvi-
 tadzo zvevabereki hazvingapi-
 ndurwe pamusoro ‘yevana,
 nokuti vakachena kubvira pa-
 kutanga kwenyika.

55 Uye Ishe vakataura kuna
 Adama, vachiti: Sekuzvarwa
 kwakaitwa vana vako muchi-
 tadzo, kunyangwe saizvozvo
 pavanotanga kukura, “chitadzo
 chinozvarwa mumwoyo yavo,
 uye voravira ^bchinovava, kuti
 vagoziva kukoshesa chakanaka.

56 Uye zvinopihwa kwavari
 kuti vazive chakanaka nechaka-
 ipa; nokudaro “vanozvifungira
 pachavo, uye ini ndakupa
 mumwe mutemo nemirairo.

57 Nokudaro udzidzise kuva-
 na vako, kuti vose vanhu, kwose
 kwose, vanofanira “kutendeuka,
 kana havangagone kuwana
 nhaka yeumambo hwaMwari,
 nokuti hakuna chinhu ^bchisina
 kuchena chingagaremo, kana
 “kugara pamberi pavo; nokuti,
 mukutaura kwaAdama, zita
 ravo rinonzi “Murume weHu-
 tsvene, uye zita rewavo Mu-
 mwechete Akaberekwa ndiye
 “Mwanakomana weMunhu, ri-

nonzi Jesu Kristu, ^fMutongi
 akarurama, achauya mukukwa-
 na kwenguva.

58 Zvakadaro ndinopa kwauri
 murairo kuti udzidzise zvinhu
 izvi wakasununguka “kuvana
 vako, uchiti:

59 Kuti nechikonzero chekuta-
 dza, kunouya kupunzika, ku-
 punzika ikoku kuchiunza rufu,
 uye sekuzvarwa kwawakaitwa
 iwe munyika nemvura, neropa,
 “nemweya, uyo wandakaita uye
 saizvozvo ^bguruva rikave mwe-
 ya mupenyu, kana zvakadaro
 imi makafanirwa “kuzvarwa
 zvakare muumambo hwekude-
 nga, “nemvura, neMweya, uye
 mugezwe neropa, kunyangwe
 ropa rewangu Mumwechete
 Akaberekwa; kuti muchene-
 swe kubva muzvivi zvose, uye
 “mugofadzwa ^fnemazwi eupe-
 nyu hwokusingaperi munyika
 muno, noupenyu hwokusinga-
 pere munyika ichauya, kunya-
 ngwe ^gkubwinya kokusafa;

60 Nokuti “nemumvura mu-
 nochengeneta murairo; neMweya
^bmunoruramiswa, ‘neropa ^dmu-
 nocheneswa;

61 Naizvozvo zvinopihwa
 kuti zvigare mamuri; zvinyorwa

54a NKM Jesu Kristu.

^b NKM Dzikinura.

^c Mosaya 3:16.

55a NKM Chitadzo.

^b D&Z 29:39.

NKM Matambudziko.

56a 2 Ni. 2:26-27;

Hir. 14:29-30.

NKM Kuzvisarudzira.

57a I VaKori. 6:9-10.

NKM Rutendeuko.

^b 1 Ni. 10:21.

NKM Chakachena

neChisina Kuchena.

^c Mpi. 24:3-4;

1 Ni. 15:33-36;

Morm. 7:7;

D&Z 76:50-62.

^d Mos. 7:35.

NKM Murume

weHutsvene.

^e NKM Mwanakomana

weMunhu.

^f NKM Jesu Kristu—
 Mutongi; Yenzaniso.

58a NKM Vana.

59a I Joh. 5:8.

^b Gen. 2:7; Mos. 4:25;

Abr. 5:7.

^c NKM Kuberekwa

naMwari,

Kuberekwa Patsva.

^d NKM Bhabhatidza.

^e 2 Ni. 4:15-16;

Aruma 32:28.

^f Joh. 6:68.

^g NKM Kubwinya

kweSeresitiyaro.

60a Moro. 8:25.

^b NKM Natsa.

^c NKM Ropa.

^d NKM Kutsveneswa.

zvedenga; “Munyaradzi; zvinhu zverunyararo zvekubwinya kwekusingaperi; chokwadi chezvose zvinhu; icho chinopa zvinhu zvose upenyu, icho chinoina kuti zvose zvive zvipenyu; icho chinoziva zvose zvinhu, uye chine simba rose maerera-no nounwaru, tsitsi, chokwadi, kururama, nekutonga.

62 Uye zvino, tarisai, ndinoti kwaUri: Uhu ndihwo “hurongwa hweruponeso kune vose vanhu, kuburikidza neropa rekwa, Mumwechete Akaberekwa, uyo achauya pakati nepakati penguva.

63 Uye tarisai, zvose zvinhu zvine kufanana kwazvo, uye zvose zvinhu zvinosikwa uye zvigoitwa kuti “zvipupure nezvangu, zvose zvinhu zvenyama, uye nezvinhu zvemweya; zvinhu zviriri mumatenga kumusoro, nezvinhu zviriri pasi, nezvinhu zviriri muvhu, nezvinhu zviriri pasi pevhu, uye zvose pamusoro nepasi; zvose zvinhu zvinopupura nezvangu.

64 Uye zvakaikwa, kuti apo Ishe vakanga vataura naAdama, baba vedu, kuti Adama akachema kuna Ishe, uye akatorwa “neMweya waIshe, uye akatakurwa akadzikiswa mumvura, uye akaradzikwa pasi

^bpemvura, uye akaburitswa kubva mumvura.

65 Uye ndiko kubhabhatidzwa kwaakaitwa, uye Mweya waMwari ukadzika paUri, uye ndiko “kuzvarwa neMweya kwaakaitwa, uye akave aponesa wamunhu ^bwemukati.

66 Uye akanzwa izwi richibva mudenga, richiti: Iwe “wabhabhatidzwa nemoto, neMweya Mutsvene. Uhu ndihwo ^buchapupu hwaBaba, neMwanakomana, kubvira zvino narinhi;

67 Uye iwe uri “wehurongwa hweuyo akanga asina mavambo emazuva kana magumo emakore, kubva kusingapere kwose kusvika kusingapere kwose.

68 Tarisai, iwe uri “mumwechete mandiri, mwanakomana waMwari; uye ndiko kuti vose vave ^bvanakomana vangu. Amen.

CHITSAUKO 7

(Zvita 1830)

Enoki anodzidzisa, anotungamira vanhu, uye anosudurudza makomo — Guta reZioni rinomiswa — Enoki anofanoona kuuya kweMwanakomana weMunhu, mupiro wake werudzikinuro, nokumuka kuva-

61a NKM Mweya Mutsvene.

62a NKM Hurongwa hweRununuro.

^b NKM Mumwechete Akaberekwa.

63a Aruma 30:44; D&Z 88:45–47.

64a NKM Mweya Mutsvene.

^b NKM Bhabhatidza.

65a NKM Kuberekwa naMwari, Kuberekwa Patsva.

^b Mosaya 27:25; Aruma 5:12–15.

66a D&Z 19:31.

NKM Chipochemweya Mutsvene.

^b 2 Ni. 31:17–18;

3 Ni. 28:11.

67a NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.

68a I Joh. 3:1–3; D&Z 35:2.

^b Joh. 1:12; D&Z 34:3.

NKM Vanakomana neVanasikana vaMwari.

kafa kweVatendi—Anofanoona kuDzorera kweVhangaeri, Kuungana, Kuuya kweChipiri, nokudzoka kweZioni.

UYE zvakaitika kuti Enoki akaramba achitaura, achiti: Tarisai, baba wedu Adama akadzidzisa zvinhu izvi, uye vazhinji vakatenda uye vakave “vana komana vaMwari, uye vazhinji havana kutenda, uye vakafa vari muzvivi zvavo, uye varikutarisa ^bnokutya, nokushungurudzwa nokuti kushatirwa kwakaipa kwaMwari kuchadirwa pavari.

2 Uye kubvira panguva iyoyo Enoki akatanga kuporofita, achiti kvanhu: Pandakanga ndichifamba, uye ndimire panzvimbo inonzi Mahuja, uye ndakachema kuna Ishe, kwakauya izwi rakabva kudenga, richiti—Tendeuka, uye ukwira pagomo rinonzi Simeoni.

3 Uye zvakaitika kuti ndakakwirira ndikawira pagomo iroro; uye ndimire pagomo iri, ndakaona matenga achizuruka, uye ndikapfekedzwa ^anokubwinya;

4 Uye ndakaona Ishe; uye vakamira pamberi peuso hwangu, uye vakataura neni, kana sekutaura kunoita munhu nemumwe munhu, ^atakatarisana; uye vakati kwandiri: ^bTarisai, uye tichakuratidza nyika kwenguva yezvizvarwa zvizhinji.

5 Uye zvakaitika kuti ndakaona nhika yeShumu, uye onai,

vanhu vakuru vaigara mumatende, vaive vanhu veShumu.

6 Uye zvakare Ishe vakati kwandiri: Tarisa; uye ndikatarisa nechekuchamhembe, uye ndikaona vanhu veKanani, vaigara mumatende.

7 Uye Ishe vakati kwandiri: Porofita; uye ini ndikaporofita ndichiti: Tarisai vanhu veKanani, avo vakawanda, vachaenda muzvipfeko zvehondo kunorwisa vanhu veShumu, uye vachavauraya zvekuti vachabva vaparara zvachose; uye vanhu veKanani vachapatsanurana munyika imomu, uye nyika yacho ichave isinga bereki, isina michero, uye hakuna vamwe vanhu vachagaramo asi vanhu veKanani;

8 Nokuti tarisai, Ishe vachatuka nyika iyi nokupisa kwakanyanya, uye kusabereka kwayo kuchaenda narinhi; uye pakave ^anekusviba kwakauya pane vose vana vaKanani, zvekuti vakashorwa pakati pevanhu vose.

9 Uye zvakaitika kuti Ishe vakati kwandiri: Tarisa; uye ndikatarisa, uye ndikaona nyika yeSharoni, nenyika yaEnoki, nenyika yaOmuna, nenyika yaHeni, nenyika yaShemi, nenyika yaHana, nenyika yaHanania, nevanhu vacho vose vaigaramo;

10 Uye Ishe vakati kwandiri: Enda kvanhu ava, uye unoti kwavari—^aTendeukai, potse ndingabude ndikavarova nechituko, uye vakafa.

7 1a NKM Vanakomana neVanasikana vaMwari.
b Aruma 40:11–14.

3a NKM Kushandurwa.
4a Gen. 32:30;
Deut. 5:4;
Mos. 1:2, 11, 31.

b Mos. 1:4.
8a 2 Ni. 26:33.
10a Mos. 6:57.
NKM Rutendeuko.

11 Uye akandipa murairo kuti “ndibhabhatidze muzita raBaba, reMwanakomana, uyo azere ^bnenyasha nechokwadi, nere-Mweya ^cMutsvene, uyo unopupura nezvaBaba neMwanakomana.

12 Uye zvakaitika kuti Enoki akaramba achidaidzira kuvanhu vose, kunze kwevanhu veKanani kuti vatendeuke.

13 Uye rwakanga rwakakura zvikuru “rutendo rwaEnoki, zvekuti akatungamira vanhu vaMwari, uye vavengi vavo vakauya kuzorwa navo; uye akataura izwi raIshe, uye pasi pakandengendeka, uye ^bmakomo akatiza, kunyangwe zvaive maererano nokutaura kwakwe; uye ^chova dzemvura dzikabviswa mugwara radzo; uye kudzvova kweshumba kukanzwika kubva murenje; uye ose marudzi akatya zvikuru, rakanga ^drakasimba chaizvo izwi raEnoki, nerurimi rwaive nesimba urwo Mwari rwavakanga vamupa.

14 Ipapo pakabudawo nyika kubva muhudzami hwegungwa, uye vavengi vevanhu vaMwari vakave nekutya kukuru, zvekuti vakatiza vakanomira vave kure uye vakaenda panyika yakabuda muhudzami hwegungwa.

15 Uye varume ^avahombe ve-

munyika naivo, vakamira kure, uye kukaenda kutukwa kune vose vanhu vairwa naMwari;

16 Uye kubvira panguva iyoyo kwakave nehondo iyoyo nokudeuka kweropa pakati pavo; asi Ishe vakauya vakagara nevanhu vake, uye ivo vakagara mukururama.

17 “Kutya Ishe kwakave pamarudzi ose, kubwinya kwaIshe kwakanga kuri kukuru, kwaive pavanhu vake. Uye Ishe ^bvakaropafadza nyika, uye vakaropafadzwa vave mumakomo, nemunzvimbo dzakakwirira, uye vakabudirira.

18 Uye Ishe vakadaidza vanhu vavo kuti ^aZIONI, nokuti vakanga vaine mwoyo ^bmumwechete nepfungwa imwechete, uye vachigara muururami; uye pakanga pasina murombo pakati pavo.

19 Uye Enoki akaenderera mberi nokuparidza kwake muururami kune vanhu vaMwari. Uye zvakaitika kuti mumazuva ake akavaka guta rakadaidzwa kuti Guta reHutsvene kunyangwe ZIONI.

20 Uye zvakaitika kuti Enoki akataura naIshe; uye akati kuna Ishe: Chokwadi ^aZioni ichagara isina chinoiwana narinhi. Asi Ishe vakati kuna Enoki: Zioni ini ndairopafadza, asi vanhu vakasara ndakavatuka.

11a NKM Bhabhatidza.

b NKM Nyasha.

c NKM Mweya Mutsvene.

13a NKM Rutendo.

b Mat. 17:20.

c Mos. 6:34.

d NKM Simba;

Hupirisita.

15a Gen. 6:4;

Mos. 8:18.

17a Eks. 23:27.

b I Mak. 28:7-8;

1 Ni. 17:35.

18a NKM Zioni.

b Mabasa 4:32;

VaF. 2:1-4.

NKM Kubatana.

20a Mos. 7:62-63.

NKM Jerusarema

Idzva.

21 Uye zvakaitika kuti Ishe vakaratidza Enoki vose vagari vepasi; uye akatarisa, uye tarisai Zioni, mukufamba kwenguva “yakatorwa ikaenda kudenga. Uye Ishe vakati kuna Enoki: Tarisa nzvimbo yangu yandigere narinhi.

22 Uye Enoki akaonawo vaka-sara vevanhu vaive vanakomana vaAdama; uye vaive vakasangana vose vembeu yaAdama kunze kwembeu yaKaini, nokuti mbeu yaKaini vaive “vatema, uye vakanga vasina nzvimbo pakati pavo.

23 Uye mushure mukunge Zioni yatorwa “kudenga, Enoki ^bakaona, uye tarisai, marudzi ^cose enyika aive pamberi pake;

24 Uye pakauya chizvarwa pamusoro pechizvarwa; uye Enoki aive pamusoro “akasimudzwa uye kunyangwe pachipfuva chaBaba, necheMwanakomana weMunhu; uye tarisai, simba raSatani rakave pamusoro pose penyika.

25 Uye akaona ngirozi dzichidzika kubva kudenga; uye akanzwa izwi guru richiti: Nhamo, nhamo kuvagari vepasi.

26 Uye akaona Satani; uye akanga aine “zingetani guru muruoko rwake, uye rwakafukidza pamusoro pose penyika ^bnerima; uye akatarisa kumusoro uye akaseka, uye ^cngirozi dzake dzikafara.

27 Uye Enoki akaona “ngirozi dzichidzika kubva kudenga, dzichipa ^buchapupu pamusoro paBaba neMwanakomana; uye Mweya Mutsvene ukawira pane vazhinji, uye vakabatwa nema-simba ekudenga vakapinzwa muZioni.

28 Uye zvakaitika kuti Mwari vedenga vakatarisa pane vaka-sara vevanhu, uye vakachema; uye Enoki akazvipupura, achiti: Zvinoitika sei kuti matenga acheme, uye agodonedza misodzi yawo semvura iri kunaya mumakomo?

29 Uye Enoki akati kuna Ishe: Zvinoitika sei kuti imi “mungacheme, tichiona kuti muri mutsvene, uye kubva kune kose kusingaperi kusvika kusingaperi kose.

30 Uye dai zvaitika kuti munhu averenge mhunze dzevhu, hongu, mamirioni “enyika dzakawanda akadai hakwaive kutanga kwekuverenga ^bzvamakasika; uye micheka yenyu ichiri kutambanudzwa, uye asi imi muchiriko, nechifuva chenyu chiriko; nemiwo makarurama; imi muzere netsistsi nemwoyo chena;

31 Uye matora Zioni mukaiisa pachipfuva chenyu, kubva kune zvamakasika zvose, kubva kwose kokusingapere kusvika kwose kwekusingapere; uye pasina asi “runyararo, ^bkurura-

21a Mos. 7:69.

22a 2 Ni. 26:33.

23a NKM Denga.

b NKM Kuratidzwa (Chiratidzo).

c D&Z 88:47; Mos. 1:27–29.

24a II VaKori. 12:1–4.

26a Aruma 12:10–11.

b Isa. 60:1–2.

c Jud. 1:6;

D&Z 29:36–37.

27a NKM Ngirozi.

b NKM Uchapupu.

29a Isa. 63:7–10.

30a D&Z 76:24;

Mos. 1:33.

b NKM Sika.

31a NKM Runyararo.

b NKM Yenzaniso.

misa, uye ‘chokwadi ndimo munzvimbo yechigaro chenyu cheumambo; uye tsitsi dzichienda pamberi penyu uye dzingasave nemagumo; zvinoitika sei kuti mungacheme?

32 Ishe vakati kuna Enoki: Tarisa ava hama dzako “hunyanzvi hwemaoko angu, uye ndakavapa ^bruzivo rwavo, muzuva randakavasika; uye muBindu reEdeni, ndakapa munhu kuti ‘azvisarudzire.

33 Uye kuhamu dzako ndikati, uye vakapihwawo murairo kuti vanofanira “kudanana, uye kuti vasarudze ini, Baba vawo; asi tarisai, havana rudo, uye vanovenga ropa ravo;

34 Uye “moto wokushatirwa kwangu watungidzirwa ivo; uye mukushatirwa kwangu kunopisa ndichatumira ^bmafashamu zhinji kwavari; nokuti kushatirwa kwangu kunotyisa kwakatumungidzirwa ivo.

35 Tarisai, ndini Mwari; “Murume weHutsvene ndiro zita rangu; Murume weKuraira ndiro ^bzita rangu; uye Vasinamagumo Vokusingaperi izita ranguwo.

36 Nokudaro, ndinogona kutambanudza maoko angu uye ndikamisa kwose kusika kwandakaita; uye “ziso rangu anogona kuzvibayawo, uye mukati mehunyanzvi hwemaoko

angu hapana kuve ^bnokuipa kwakanyanya sekuri mukati mehama dzako.

37 Asi tarisai, zvitadzo zvavo zvichave pamisoro yemadzibaba avo; Satani achave baba wavo, uye kusuwa kuchave kutambudzika kwavo; uye matenga ose achavachemera, kunyangwe hwose hunyanzvi hwemaoko angu; nokudaro matenga haangachemi here, nokuona kuti ava vachatambudzika?

38 Asi tarisai, ava pane maziso ako vachafa mumafashumu; uye tarisai, ndichavapfigira; ndakavagadzirira “torongo.

39 Uye “uyo wandakasarudza akateterera pameso pangu. Nokudaro, anotambudzikira zvitadzo zvavo; kana vari vanozotendeuka muzuva iro wangu ^bAkasarudzwa achadzokera kwandiri, uye nemuzuva rava-change vari ‘mukurwadziwa;

40 Nokudaro, pamusana pezvitadzo matenga achachema, hongu, nehunyanzvi hwose hwemaoko angu.

41 Uye zvakaitika kuti Ishe vakataura kuna Enoki, uye akaudza Enoki zvinhu zvose zvaitwa nevana vevanhu; nokudaro Enoki akaziva, akatarisa kuipa kwavo, nekusuwa kwavo, uye akachema akatambanudza

31c NKM Chokwadi.

32a Mos. 1:4.

b NKM Ruzivo.

c NKM Kuzvisarudzira.

33a NKM Rudo.

34a Isa. 30:27; Nah. 1:6;

D&Z 35:14.

b Gen. 7:4, 10;

Mos. 8:17, 24.

NKM Mafashamu
muNguva dzaNoa.

35a Mos. 6:57.

b Mos. 1:3.

36a D&Z 38:2; 88:41;

Mos. 1:35-37.

b Gen. 6:5-6;

Mos. 8:22, 28-30.

38a I Pet. 3:18-20.

NKM Gehena.

39a NEMAMWE MAZWI

Muponesi.

b Mos. 4:2; Abr. 3:27.

NKM Jesu Kristu.

c NKM Kuraswa.

maoko ake, uye “mwoyo wake wakatutuma zvakapamhama sekusingaperi, uye hura hwake hwakachemerera, nokusingapere kwose kukazunguzika.

42 Uye Enoki naiyewo akona “Noa, ^bnemhuri yake; kuti vana vose vevanakomana vaNoa vaifanira kuponeswa neruponeswo rwenyama;

43 Nokudaro Enoki akaona kuti Noa akavaka “areka; uye nokuti Ishe vakafadzwa nayo, uye vakaibata mumaoko avo; asi pane vakasara vevakaipa mafashamu akauya uye akavamedza.

44 Uye Enoki paakaona izvi, akanzwa kurwadza kwemwoyo akachema pamusana pehama dzake, uye akati kumatenga: “Ndicharamba kunyaradzwa; asi Ishe vakati kuna Enoki: Simudza mwoyo wako; uye ufare; utarise.

45 Uye zvakaitika kuti Enoki akatarisa; uye kubva kuna Noa, akaona dzose mhuri dzepasi; uye akachema kuna Ishe, achiti: Zuva raIshe richauya rinhi? Ropa revakarurama richadeurwa rinhi, kuti vose avo vanochema vagogona kuti “vacheneswe uye nokuwana upenyu hwokusingaperi?

46 Uye Ishe vakati: Richave “mukukwana kwenguva, mumazuva ehuipi nokutsividza.

47 Uye tarisai, Enoki akaona

zuva rekuuya kweMwanakomana weMunhu, kunyangwe munyama; uye mweya wake ukafara, achiti: Wakarurama asimudzwa, “Gwayana rauraiwa kubva kumavambo enyika; uye kuburikidza nerutendo ndiri muchipfuva chaBaba, uye tarisai, ^bZioni ineni.

48 Uye zvakaitika kuti Enoki akatarisa “panyika; uye akanzwa izwi richibva muhura mayo, richiti: Nhamo, nhamo kwandiri, amai vevanhu; ndarwadziwa, ndaneta pamusana pekuipa kwevana vangu. ^bNdichazorora riini, uye kuti ndigogezwa ‘tsvina yose iyo yakanda ichibva pandiri? Musiki wangu anondichenesa rinhi, kuti ndizorore, uye kuti kururama kwechinguvana kumbogara pameso pangu?

49 Uye Enoki paakanzwa nyika ichichema, akachema, uye akachema kuna Ishe achiti: Ishe, hamungandinzwirewo tsitsi panyika here? Hamungaropafadze vana vaNoa here?

50 Uye zvakaitika kuti Enoki akaramba achichema kuna Ishe achiti: Ndinokukumbirai Ishe, muzita rewenyu Mumwechete Akaberekwa, kunyangwe Jesu Kristu, kuti muve netsitsi kuna Noa nembeu yake, kuti nyika isazozarazve nemvura zhinji.

51 Uye Ishe havaikwanisa kuramba; uye vakabvumirana

41a Mosaya 28:3.
NKM Kunzwa Tsitsi.

42a NKM Noa, Tateguru vemuBhaibheri.

^b Mos. 8:12.

43a Gen. 6:14-16; Eta 6:7.

44a Mpi. 77:2;
Eta 15:3.

45a NKM Kutsveneswa.

46a Mos. 5:57.

47a NKM Gwayana
raMwari.

^b Mos. 7:21.

48a NKM Pasi—Kusukwa kwepasi pano.

^b Mos. 7:54, 58, 64.

^c NKM Hutsvina.

naEnoki, uye vakapika kwaari nemhiko, kuti vachamisa “mafashamu; kuti vaizodaizira kuvana vaNoa;

52 Uye akatumira chiziviso chisingagone kushandurwa, kuti “vakasara vembeu yake vanofanira kunge vachiwanikwa nguva dzose pakati pamarudzi ose, nyika ichakamira;

53 Uye Ishe vakati: Akaropafadzwa uyo anoti kuburikidza nembeu yake Mesia achauya; nokuti anoti—Ndini “Mesia, ^bMambo weZioni, ^cDombo reDenga, iro rakapamhama sekusingapere; ani zvake anouya nepamusuwo uye ^dakakwira nepaneni haapunzike; nokudaro, vakaropafadzwa avo vandataura nezvavo, nokuti vachauya ^enedzimbo dzerufaro rwusingaperi.

54 Uye zvakaitika kuti Enoki akachema kuna Ishe achiti: Kana Mwanakomana weMunhu achiuya ari munyama, nyika ichazorora here? Ndinokumbirai, ndiratidzei zvinhu izvi.

55 Uye Ishe akati kuna Enoki: Tarisa, uye akatarisa uye akaona “Mwanakomana weMunhu akasimudzwa ^bpamuchinjikwa, mutsika yevanhu;

56 Uye akanzwa izwi guru; uye matenga akadzikatirwa; uye zvose zvisikwa zvaMwari

zvachachema; uye nyika “ikagomera; uye matombo akatsemuka; uye vatendi ^bvakamuka, uye ^cvakagadzwa korona kuruoko ^drwerudyi rweMwanakomana weMunhu, nengundu dzekubwinya;

57 Uye sekuwanda “kwemweya yose yakange iri ^bmutirongo yakamuka, uye yakabuda ikamira kuruoko rwerudyi rwaMwari; uye vakasara vakasiwa vari mungetani dzerima kusvika zuva guru rekutongwa.

58 Uye zvakare Enoki akachema uye akadaidzira kuna Ishe achiti: Nyika ichazorora rinhi?

59 Uye Enoki akaona Mwanakomana weMunhu achikwira kumusoro kuna Baba; uye akadaidza kuna Ishe achiti: Hamuchazouya zvakare panyika here? Nokuti kana muri Mwari, uye ini ndinokuzivai, uye imi makapika kwandiri, uye mukanditaurira kuti ndinofanira kukumbira muzita rewenyu Mumwechete Akaberekwa; makandisika, uye mukandipa ini mvumo kuchigarro chenyu, uye kwete yangu ini, asi kuburikidza nenyasha dzenyu; nokudaro, ndinobvunza kwamuri kuti hamuchauya zvakare here panyika.

60 Uye Ishe vakati kuna Enoki: Sekuve mupenyu kwandiri,

51a Mpi. 104:6–9.

52a Mos. 8:2.

53a NKM Mesia.

^b Mat. 2:2; 2 Ni. 10:14; Aruma 5:50; D&Z 128:22.

^c Mpi. 71:3; 78:35; Hir. 5:12.

NKM Ibwe.

^d 2 Ni. 31:19–20.

^e NKM Mumhanzi.

55a NKM Mwanakomana weMunhu.

^b 3 Ni. 27:14.

NKM Kuroverwa.

56a Mat. 27:45, 50–51.

^b NKM Kumuka Kuvakafa.

^c NKM Ngundu; Rusimudzirwo. ^d Mat. 25:34.

57a NKM Mweya.

^b D&Z 76:71–74; 88:99.

kunyangwe saizvozvo ndichauya mumazuva “ekupedzisira, mumazuva ekuipa nekutsividza, kuzadzikisa mhiko iyo yandakaita kwauri maererano nevana vaNoa;

61 Uye zuva richauya rekuti nyika “ichazorora, asi risati rasvika, matenga achaitwa ^bmatema, uye ^cchidzitiro cherima chichafugidza nyika; uye matenga achazunguzuka, uye kana nenyika; uye kutambudzika kukuru kuchavepo pakati pevana vevanhu, asi vanhu vangu “ndichavachengetedza;

62 Uye ndichatumira “kururama pasi kubva kudenga; uye ^bchokwadi ndichatumira kubva “munyika, “kuzopupura pamusoro pewangu Mumwechete Akaberekwa; ^ckumuka kwake kuvakafa; hongu, nokumukawo kuvakafa kwevose vanhu; uye kururama nechokwadi ndichaita kuti kutsvaire nyika kuita semafashamu, kuti ^fndiunganidze vakasarudzwa vangu kubva kumativi mana epasi vachienda kunzvimbo yandichagadzira, Guta Dzvene, kuti vanhu vangu vagosunga zviuno zvavo, uye vachitarisira nguva yekuuya kwangu; nokuti ndipo pachave

netabernakeri iyo ichadaidzwa kuti Zioni, Jerusarema ^sIdzva.

63 Uye Ishe vakati kuna Enoki: Zvino ndipo iwe “neguta rako rose pauchasangana navo, uye isu tichivagashira muzvipfuva zvedu, uye ivo vachitiona; uye tichawira pamitsipa yavo, uye ivo vachawira pamitsipa yedu, uye tichatsvodana;

64 Uye ipapo ndipo pachave nemusha wangu, uye uchave Zioni, iyo ichabva muzvisikwa zvose zvandakaita; uye kwe-nguva inoita “chiuru chemakore nyika ^bichazorora.

65 Uye zvakaitika kuti Enoki akaona zuva “rekuuya kwe-Mwanakomana weMunhu, mumazuva ekupedzisira, kuzogara pano pasi mukururama kwe-nguva inoita chiuru chemakore;

66 Asi iroto risati rasvika akaona kutambudzika kukuru pakati pevakaipa; uye akaonawo gungwa, kuti riri kutambudzika, uye mwoyo yevanhu “ichikundikana, vachitarisira nokutya ^bkutonga kwaSamasimba Mwari, uko kuchauya kune vakaipa.

67 Uye Ishe vakaratidza Enoki zvose zvinhu, kunyangwe kusvika kumagumo enyika; uye akaona zuva revakarurama,

60a NKM Mazuva
Ekupedzisira.

61a NKM Pasi—Mamiriro
ekupedzisira epasi
pano.

b D&Z 38:11–12; 112:23.

c NKM Chidzitiro.

d 1 Ni. 22:15–22;

2 Ni. 30:10.

62a Mpi. 85:11.

NKM Kudzorerwa
pakare kweVhangeri.

b NKM Bhuku
raMormoni.

c Isa. 29:4.

d NKM Uchapupu.

e NKM Kumuka
Kuvakafa.

f NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.

g NKM Jerusarema
Idzva.

63a Zvaka. 21:9–11;

D&Z 45:11–12;

Mos. 7:19–21.

64a NKM Mereniamu.

b Mos. 7:48.

65a Jud. 1:14.

NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu
Kristu.

66a Isa. 13:6–7.

b NKM Kutonga,
Kwekupedzisira.

nguva yekununurwa kwavo, uye nokugashira kuzara “kwe-rufaro;

68 Uye ose mazuva “eZioni, mumazuva aEnoki, aive mazana matatu uye ane makumi matanhatu nemashanu emakore.

69 Uye Enoki nevanhu vake vose “vakafamba naMwari, uye akanga achigara pakati peZioni; uye zvakaitika kuti Zioni yakange isiri, nokuti Mwari vakai-gashira muchipfuva chavo; uye kubvira ipapo pakafamba izwi raiti ZIONI YATIZA.

CHITSAUKO 8

(Kukadzi 1831)

Metusara anoporofita—Noa nevanakomana vake vanoparidza vhangeri—Kuipa kukuru kunovepo—Kudaidzira kutendeuka hakuteererwe—Mwari vanotsidzira kuti nyama yose iparadzwe neMafashamu.

UYE mazuva ose aEnoki aiva mazana mana nemakumi matatu emakore.

2 Uye zvakaitika kuti “Metusara, mwanakomama waEnoki, haana kutorwa, kuti zvibvumirano zvaIshe zvizadzikiswe, izvo vakabvumirana zvechokwadi naEnoki kuti Noa akafanira kuve muchero wechiuno chake.

3 Uye zvakaitika kuti Metusara akaporofita kuti kubva muchiuno chake muchabuda hwise umambo hwepasi (kuburikidza

naNoa), uye akatora kubwinya kukave kwake.

4 Uye kwakauya nzara huru munyika, uye Ishe vakatuka pasi nokutuka kunorwadza, uye vazhinji vevagari vemo vakafa.

5 Uye zvakaitika kuti Metusara akararama kwezana nemakumi masere emakore, uye akabereka Rameki;

6 Uye Metusara akararama, mushure mekubereka Rameki, mazana manomwe nemakumi masere nemaviri emakore, akabereka vanakomana nevanasikana;

7 Uye ose mazuva aMetusara aive mazana mapfumbabwe nemakumi matanhatu nemapfumbabwe emakore, uye akafa.

8 Uye Rameki akagara kwezana nemakumi masere nemaviri emakore, uye ndokubereka mwanakomana,

9 Uye akadaidza zita rake kuti “Noa, achiti: Uyu mwanakomana achatinyaradza pane zvebasaredu nokushanda nemaoko edu, pamusana pevhu ^bratukwa naIshe.

10 Uye Rameki akagara, mushure mekubereka Noa, mazana mashanu nemakumi mapfumbamwe ane mashanu emakore, uye akabereka vanakomana nevanasikana;

11 Uye ose mazuva aRameki aive mazana manomwe nemakumi manomwe ane manomwe emakore, uye akafa.

12 Uye Noa aive nemazana mana nemakumi mashanu

67a NKM Rufaro.

68a Gen. 5:23; Mos. 8:1.

69a Gen. 5:24; Mos. 6:34.

NKM Famba, Famba naMwari.

8 2a NKM Metusara.

9a NKM Noa, Tateguru vemuBhaibheri.

b Mos. 4:23.

emakore, uye “akabereka Jafeti; uye mushure memakumi mana nemaviri emakore akabereka ^bShemi nemukadzi akanga ari amai vaJafeti, uye ave nemazana mashanu ekuberekwa ndipo paakabereka ^cHami.

13 Uye “Noa nevanakomana vake ^bvakateerera kuna Ishe, uye vakaita hany’a, uye vakaidzwa kunzi ^cvanakomana vaMwari.

14 Uye vanhu ava pavakatanga kuwanda pamusoro penyika, uye vanasikana vakazvarwa kwavari, ^avanakomama vevanhu vakaona kuti vanasikana avo vakanga vakanaka, uye vakavatora kuvaita vakadzi, kunyangwe sezvavakasarudza.

15 Uye Ishe vakati kuna Noa: Vanasikana vevanakomana vako ^avazvitengesa; nokuti tarisai kushatirwa kwangu kwatungidzirwa vanakomana vevanhu, nokuti havateerere kuzwi rangu.

16 Uye zvakaitika kuti Noa akaporofita, uye akadzidzisa zvinhu zvaMwari, kunyangwe sezvazvakange zvakaita pakutanga.

17 Uye Ishe vakati kuna Noa: Mwera wangu hauchagara

“uchishingaira nemunhu, nokuti achaziva kuti yose ^bnyama ichafawo; asi mazuva ake achave zana nemakumi maviri emakore; uye kana vanhu vakasatendeka, ndichatumira ^cmafashamu kwavari.

18 Uye mumazuva iwayo mai-ve nevanhu ^avahombe munyika, uye vakatsvaga Noa kuti vatore upenyu hwake; asi Ishe vakange aina Noa, uye ^bsimba raIshe raive paari.

19 Uye Ishe ^avakagadza ^bNoa maererano ^cnehurongwa hwake, uye vakamuraira kuti aende uye ^akunoparidza Vhangeri ravo kuvana vevanhu, kunyangwe sekupihwa kwarakaitwa kuna Enoki.

20 Uye zvakaitika kuti Noa akaidzwa kuvana vevanhu kuti ^avatendeuke, asi havana kuda kunzwa mazwi ake;

21 Uye zvakare, mushure mekunge vamunzwa, vakauya kwaari, vachiti: Tarisai, tiri vanakomana vaMwari; hatina kunozvitorera here vanasikana vevanhu? Uye hatizi ^akudya tichinwa here, nokuroora noku-
pa mukuroorana here? Asi vakadzi vedu vanotizvarira vana, uye vamwechetevo varume

12a Gen. 5:32.

NKM Jafeti.

b NKM Shemi.

c NKM Hami.

13a D&Z 138:41.

NKM Gabriieri.

b NKM Anoteerera.

c NKM Vanakomana neVanasikana vaMwari.

14a Mos. 5:52.

15a NKM Kuroora—

Kuroora

kwevezvitendero

Zvakasiyana.

17a Gen. 6:3;

2 Ni. 26:11;

Eta 2:15; D&Z 1:33.

b 2 Ni. 9:4.

NKM Nyama.

c Gen. 7:4, 10;

Mos. 7:34.

18a Gen. 6:4; Num. 13:33;

Josh. 17:15.

b NKM Simba.

19a D&Z 107:52.

NKM Gadza.

b Abr. 1:19.

c NKM Hupirisita

hwaMerkizedeki.

d NKM Basa

reKushumira.

20a NKM Rutendeuko.

21a Mat. 24:38–39;

JS—Mat. 1:41.

vanotyisa, uye vakafanana nevarume vekare, varume vemukurumbira mukuru. Uye havana kuda kunzwa kumazwi aNoa.

22 Uye Mwari vakaona kuti “kuipa kwevanhu kwakanga kwakura munyika; uye wose munhu akanga akasimudzirwa mune zvaaiiona ^bzvepfungwa dzemwoyo wake, zviri zvakaipa chete nguva dzose.

23 Uye zvakaite kuti Noa akaramba “achiparidza kuvanhu, achiti: Inzwai, uye mupe hanya kumazwi angu;

24 ^aTendai uye mutendeuke kuzvitadzo zvenyu uye ^bmu-bhabhatidzwe muzita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, kunyangwe semadzi-baba edu, uye muchagashira Mweya Mutsvene, kuti muwane zvinhu zvose ^czvaratidzwa; uye kana musina kuita izvi mafashamu ichauya pamuri; zvakadaro havana kuteerera.

25 Uye zvakatendeudza Noa, uye mwoyo wake ukarwadza kuti Ishe vakanga vaita munhu panyika, uye zvakamusuwisa mumwoyo.

26 Uye Ishe vakati: “Ndichaparadza munhu uyo wandakasika, kubva pamusoro penyika, zvo-se munhu nemhuka, nezvinhu zvinokambaira, neshiri dzedenga, nokuti zvinotendeudza Noa kuti ndakazvisika, uye kuti ndakazviita; uye adaidza kwandiri; nokuti vari kutsvaga upenyu hwake.

27 Uye Noa akawana “nyasha mumaziso aIshe; nokuti Noa akanga ari munhu akarurama, uye ^bakakwana muchizvarwa chake; uye ^caifamba naMwari; sezvaiitawo vanakomana vake vatatu, Shemi, Hami, naJafeti.

28 Nyika yakanga “yaora pamberi paMwari, uye yakange izere kurwisana.

29 Uye Mwari vakatarisa panyika, uye, tarisai, yakange yakaipa, nokuti nyama yose yakanga yaipisa nzira yavo pamusoro penyika.

30 Uye Mwari vakati kuna Noa: Kupera kwenyama yose kwauya pamberi pangu, nokuti nyika izere nokurwisana, uye tarisai “ndichaparadza yose nyama kubva panyika.

22a Gen. 6:5;
Mos. 7:36–37.
b Mosaya 4:30;
Aruma 12:14.
NKM Kufunga.
23a NKM Paridza.
24a NKM Daira.

b NKM Bhabhatidza—
Kodzero
yerubhabhatidzo.
c 2 Ni. 32:2–5.
26a NKM Pasi—Kusukwa
kwepasi pano.
27a NKM Nyasha.

b Gen. 6:9.
c NKM Famba, Famba
naMwari.
28a Gen. 6:11–13.
30a D&Z 56:3.

MUFANIKISO SEZVAURI CHAIZVO KUBVA MUBHUKU RAABRAHAMA

Namba 1



TSANANGURO

Mufananidzo 1. Ngirozi yaIshe.

Mufananidzo 2. Abrahama akasungirirwa paaritari

Mufananidzo 3. Mupirisita weErikena ainamata zvfananidzo achiedza kupira Abrahama semupiro.

Mufananidzo 4. Aritari yemipiro yakaitwa nemupirisita ainamata zvfananidzo, amire pamberi pezvimwari zveErikena, Ribna, Mamakira, Korashi, naFarao.

Mufananidzo 5. Chifananidzo chechimwari cheErikena.

Mufananidzo 6. Chifananidzo chechimwari cheRibna.

Mufananidzo 7. Chifananidzo chechimwari cheMamakira.

Mufananidzo 8. Chifananidzo chechimwari cheKorashi.

Mufananidzo 9. Munamati wezvfananidzo mwari weFarao.

Mufananidzo 10. Abrahama ari muEgipita.

Mufananidzo 11. Chakamisirwa kumiririra mbiru dzekudenga, sekuziva kwe-maEgipita.

Mufananidzo 12. Rekeyangi, zvinoreva mukaha kana hudzikwa hwepamusoro pedu; asi apa, maererano nenyaya ino, maEgipita aiti kuti zvireve Shaumau, kuve pamusoro, kana matenga, zvichireva izwi rechiHeberu, Shamahayemi.

BHUKU RAABRAHAMA

ZVAKADUDZIRWA KUBVA PAGWARO REPAPAPIRASI, NAJOSEPH SMITH

Kududzirwa kwezvimwe Zvinyorwa zvekare izvo zvakawira mumao-ko edu zvichibva mudzimba dzepasi dzekuvinga vanhu kuEgipita. Zvinyorwa zvaAbrahama paakanga ari muEgipita, zvinonzi Bhuku ra-Abrahama, rakanyorwa neruoko rwake, papapirasi. (History of the Church, 2:235–236; 348–351.)

CHITSAUKO 1

Abrahama anotsvaga maropafadzo ehurongwa hwemadziteteguru — Anotambudzwa nemapirisita venhema vemuKardea — Jehova vano-muponesa — Mavambo nehurumende yeEgipita anotariswa.

MUNYIKA “yeMakardea, Mpaigara madzibaba angu, ini ^bAbrahama, ndakaona kuti zvaidiwa kuti ini ndiwane imwe nzvimbo ^cyekugara;

2 Uye nokuwana kuine ^akufara nerunyararo ^bnezororo kwandiri, ndakatsvaga maropafadzo emadzibaba, nekodzero iyo yekuti ndigadzwe kuti nditonge zvimwechetezvo; ndinge ndiri pachangu muteveri ^cwekururama, ndichida zvakare kuti ndive iye ^daneruzivo rwukuru, nekuve muteveri mukuru vekururama, nekuve neruzivo rwukuru, nekuve baba wemarudzi mazhinji, jinda rerunyararo, uye ndichida kugashira kurairidzwa, noku-

chengeta mirairo yaMwari, ndikave chaiye mugari wenhaka, Mupirisita ^ewePamusoro, ndakabata ^fkodzero yamadzibaba.

3 ^aHwakapihwa kwandiri kubva kumadzibaba; hwakadzika huchibva kumadzibaba, kubvira pakutanga kwenguva, hongu, kunyangwe kubva pakutanga, kana kuvamba kwenyika kusati kwavepo, kusvika panguva ino, kunyangwe kodzero ^byedangwe, kana munhu wekutanga, uyo ari ^cAdama, kana baba vekutanga, nekumadzibaba kusvika pandiri.

4 Ndakatsvaga ^akudomwa kwangu kuHupirisita maerera-no nekusarudza kwaMwari kumadzibaba pamusoro pembeu.

5 ^aMadzibaba angu abva pakururama kwavo, nekumirairo mitsvene iyo Ishe Mwari vavo yavakanga vava kwavari, vave ^bmukunamata vamwari vevahedeni, vakaramba zvachose kunzwa kuzwi rangu;

6 Nokuti mwoyo yavo yakange

1 ^{1a} NKM Uri.
^b NKM Abrahama.
^c Mabasa 7:2–4.
2 ^a NKM Rufaro.
^b NKM Zororo.
^c NKM Akarurama.
^d D&Z 42:61.
NKM Ruzivo.

^e NKM Mupirisita wePamusoro.
^f NKM Hupirisita hwaMerkizedeki.
3 ^a D&Z 84:14.
^b D&Z 68:17.
NKM Dangwe.
^c Mos. 1:34.

NKM Adama.
4 ^a NKM Nhaka yeKuzvarwa nayo.
5 ^a Gen. 12:1.
^b NKM Kunamata Zvifananidzo.

yave pakuita zvakaipa, uye yakange yatendeukira yose kuna mwari waErikena, “namwari waRibna, namwari waMamakira, namwari waKorashi namwari waFarao, mambo weEgipita; 7 Zvakadaro vakatendeudzira mwoyo yavo mukupira kwemaHedeni vachipira vana vavo kuzvifananidzo izvi zvisingataure, uye vakasanzwa kuzwi rangu, asi vakaedza kutora upenyu hwangu neruoko rwamupirisita waErikena. Mupirisita waFarao.

8 Zvino, panguva iyi yaive tsika yemupirisita waFarao, mambo weEgipita, kunoita mipiro pamusoro pearitari yakanga yakavakwa munyika yeKardea, kupira kune vamwari ava vasingazivikanwe, varume, vaka-dzi, nevana.

9 Uye zvakaitika kuti mupirisita akaita mupiro kuna mwari waFarao, nekuna mwari waShagireri, kunyangwe netsika yemaEgipita. Zvino mwari waShagireri aiva zuva.

10 Kunyangwe mupiro wekutenda wemwana mupirisita waFarao aiuitira paaritari iyo yakanga iri pachikomo chainzi Chikomo chaPotifari, kumusoro kwebani reOrishemu.

11 Zvino mupirisita uyu akanga ambopira paaritari iyoyi mhandara nhatu pane imwe nguva, vakange vari vanasikana vaOnaita, aive wekuumambo

achibva chaimo muchiuno “chaHami. Mhandara idzi dzakapirwa pamusana pehunhu hwa-dzo; hadzaibvuma ^bkupfugama pasi kunamata vamwari vemiti kana vematombo, nokudaro dzakaurairwa paaritari iyi, uye zvakaitwa netsika yemaEgipita.

12 Uye zvakaitika kuti vapirisita vakandibata nehasha, kuti vandiurayewo, sezvavakaita mhandara dziya paaritari iyi uye kuti mugoziva atari iyi ndichakuisai kune zvakataurwa pakutanga kwezvinyorwa zvino.

13 Yakaitwa nemufananidzo wemubhedha, seizvo zvaiwanikwa pakati pemaKardea, uye yakanga imire pamberi pavamwari vaErikena, Ribna, Mamakira, Korashi, uyewo namwari akanga akaita seuyo waFarao, mambo weEgipita.

14 Kutu muwane kunzwisisa vamwari ava, ndakupai zvazvakanga zvakaita mumufananidzo kwekutanga, iri tsika yemifananidzo inodaidzwa neKardea Rarenosi, izvo zvinoreva zvinyorwa zvemufananidzo.

15 Uye zvavakanga vachisimudza maoko avo pandiri, kuti vandipire nokutora upenyu hwangu, tarisai, ndakasimudza izwi rangu kuna Ishe Mwari vangu, uye Ishe “vakateerera vakanzwa, uye vakandizadza nechiratidzo chaSamasimba, uye ngirozi yaMwari yakamirani, uye pakarepo ikabva ^byasunungura majoto angu;

6a NEMAMWE MAZWI vanamwari venhema, sekuratidzwa kwavakaitwa

pamufananidzo na. 1 muBhuku raAbrahama. 11a NKM Hami.

^b Dan. 3:13–18. 15a Mosaya 9:17–18. ^b Abr. 2:13.

16 Uye izwi ravo rikauya kwandiri: Abrahama, Abrahama, tarisai, “zita rangu ndijehova, uye ndakunzwa, uye ndadzika kuzokununura, nokukutora kukuzvina mumba mababa vako, nekuhama dzako dzose, ndichikuisa ^bmunyika yausingazive yausina kumbonzwa nezvayo;

17 Uye izvi pamusana pekuti vatendeudza mwoyo yavo kubva kwandiri, kuti vanamate mwari waErikena, namwari waRibna, namwari waMamakira, uye namwari waKorashi, namwari waFarao, mambo weEgipita; nokudaro ndadzika kuti ndizovashanyira, nokuparadza uyo asimudza ruoko rwake kwauri, Abrahama, mwanakomana wangu, kuti atore upenyu hwako.

18 Tarisai, ndichakutungamira neruoko rwangu, uye ndichakutora, kuti ndiise pauri zita rangu, kunyangwe “Hupirisita hwababa vako, uye simba rangu richave pamusoro pako.

19 Sezvakange zvakaita Noa ndizvo zvichaitawo newe; asi kuburikidza nebasa rako “zita rangu richazivikanwa panyika nariini, nokuti ini ndiri Mwari wako.

20 Tarisai, Chikomo chaPotifari chaive munyika “yeUri, yeKardia. Uye Ishe vakapunza ari-tari yaErikena, neyavamwari venyika iyi, uye akavaparadza zvachose, uye akarova mupirisi-

ta zvekuti akafa; uye kukave nekuchema kukuru muKardea, uyewo nemudare raFarao; ari iye Farao zvinoreva kuti mambo weropa reumambo.

21 Zvino mambo uyu weEgipita akanga ari chizvarwa vechiuno “chaHami, uye akanga ari weropa ^bremaKanani pakuzvarwa.

22 Kubva muchizvarwa ichi makabva vose veEgipita, nokudaro ropa remaKanani rakachengetedzwa munyika iyi.

23 Nyika “yeEgipita iri yakatanga kuwanikwa nemukadzi, akanga ari mwanasikana waHami, nemwanasikana weEgipitasi, izvo muchiKardea zvinoreva kuti Egipita, izvo zvinoreva icho chinorambidzwa.

24 Mukadzi uyu paakawana nyika iyi yakange iri mumvura ndokubva aisa vanakomana vake mavamumashure, uye zvakadaro, kubvira panaHami, pakubuda rudzi rwuya rwakachengetedza kutukwa munyika umu.

25 Zvino hurumende yekutanga yeEgipita yakamiswa naFarao, mwanakomana mukuru waEgipitasi, mwanasikana waHami, uye zvakanga zviri mae-rerano nemutowo wehurumende yaHami, iyo yakanga ichibva kuna baba ichienda kumwanakomana.

26 Farao, ari akanga akarurama akamisa umambo hwake

16a NKM Jehova.
b NKM Nyika
 yeChipikirwa.
 18a NKM Hupirisita.
 19a Gen. 12:1-3.

20a Gen. 11:28;
 Abr. 2:4.
 21a Gen. 10:6;
 Mpi. 78:51;
 Mos. 8:12.

b Mos. 7:6-8.
 NKM Kanani.
 23a NKM Egipita.

uye akatonga vanhu vake zva-kangwara uye zvakanaka ose mazuva ake, achitsvaka zvikuru kutevedzera hurongwa huya hwakanga hwakamiswa nema-dzibaba muzvizvarwa zveku-tanga, mumazuva ekutanga kwekutonga kwekusiirana baba nemwanakomana, kunyangwe mukutonga kwaAdama, uyewo nekwaNoa, baba vake, uyo akamuropafadza “nemaropafa-dzo epasi, nemaropafadzo eu-ngwaru, asi akamutuka nezve-maererano neHupirisita.

27 Zvino, Farao seaive wedzi-nza iro rakaita kuti asave neko-dzero “yeHupirisita, zvakadaro vanaFarao waitoda kuzvitaura kuna Noa, kuburikidza na-Hami, nokudaro baba vangu vakabviswa nekunamata zvfana-idzo zvavo;

28 Asi ndichaedza, mushure kuti nditsanangure nhoroondo ndichidzokera shure kubvira pandiri kusvika mukutanga kwekusika, nokuti “zvinyorwa zvacho zvauya mumaoko angu, izvo zvandiinazvo kusvika nguva ino.

29 Zvino, mushure mekunge mupirisita weErikena arohwa zvekuti akabva afa, kwakauya kuzadzikiswa kwezvinhu izvo-zvo izvo zvakanga zvataurwa kwandiri pamusoro penyika yeKardea, kuti kuchava nenza-ra munyika.

30 Saizvozvo nzara yakatonga munyika yeKardea, uye baba

vangu vakatambudzika noku-rwadziwa pamusana penzara, uye vakatendeuka kubva mune chakaipa chavakanga vandifungira, chekutora “upe-nyu hwangu.

31 Asi zvinyorwa zvemadziba-ba, kunyangwe zvemadzitete guru, pamusoro pekodzero ye-Hupirisita, Ishe Mwari vangu vakazvichengetesa mumaoko angu; nokudaro ruzivo rweku-tanga kwekusikwa uyewo “nerwepasi, nekwenyenyedzi, sekuziviswa kwazvakaitwa ku-madzibaba, ndakazvichengeta kunyangwe kusvika nhasi, uye ndichaedza kunyora zvimwe zvezvinhu izvi muchinyorwa chino, kuitira zvizvarwa zva-ngu izvo zvichauya mushure mangu.

CHITSAUKO 2

Abrahama anobva muUri kuti aende kuKanani—Jehova anozviratidza kwaari paHarani—Ose maropafadzo evhangeri anovimbiswa kumbeu yake, nokuburikidza nembeu yake kune vose—Anoenda kuKanani uye achizoenda kuEgipita.

ZVINO Ishe Mwari vakaita kuti nzara irwadze munyika yeUri, zvekuti “Harani, munin’na wangu, akafa; asi ^bTera, baba wangu, vakagara munyika yeUri, yavaKardia.

2 Uye zvakaitika kuti ini, Abra-

26a NKM Kuropafadzwa.
27a D&Z Chirevo—2.
NKM Hupirisita.
28a Mos. 6:5.

NKM Bhuku
Rendangariro.
30a Abr. 1:7.
31a Abr. 3:1–18.

2 1a Gen. 11:28.
b Gen. 11:24–26;
1 Mak. 1:26.

hama, ndakatora “Sarai kuve mukadzi wangu, uye ^bNeho, munin’ina wangu, akatora Mirika kuve mukadzi wake, akanga ari mwanasikana waHarani.

3 Zvino Ishe vakanga “vati kwandiri: Abrahama, buda munyika yako, uye ubve kune verudzi rwako, nekumba kwababa vako, uende kunyika iyo yandichakuratidza.

4 Nokudaro ndakasiya nyika “yeUri, yemaKardia, ndichienda munyika yeKanani; uye ndakatora Roti, mwana wemunin’ina wangu, nemukadzi wake, naSarai mukadzi wangu, uyewo ^bbaba vangu vakatevera mushure mangu, kuenda kunyika yatakaidza kuti Harani.

5 Uye nzara yakaita shoma; uye baba vangu vakayeverwa muHarani uye vakagara imomo, sezvo vaive nezvipfuyo zvakawanda muHarani, uye baba vangu vakadzokera zvakare “mukunamata zvipfanidzo zvavo, nokudaro vakaramba vari muHarani.

6 Asi ini Abrahama, “naRoti, mwanakomana wemunin’ina wangu, takanamata kuna Ishe, uye Ishe ^bvakazviratidza kwandiri, uye vakati kwandiri: Simuka, uye utore Roti newe;

nokuti ndafunga kukubvisa muHarani, uye kukuita mushandi kuti utakure “zita rangu munyika “yausingazive iyo yandichapa kumbeu yako mushure mako kuti ive yavo zvisingaperi, kana vave kuteerera kuzwi rangu.

7 Nokuti ndiri Ishe Mwari vako; ndinogara kudenga; nyika ndiyo “chituru chetsoka dzangu; ndinotambanudza ruoko rwangu pamusoro pegungwa, uye rinoteerera izwi rangu; ndinoita kuti mhopo nemoto zvive ^bngorovhani yangu; ndinoti kumakomo—^bIbva pano—uye tarisai, anotorwa nechamupupuri, nechinguvana pakarepo.

8 Zita rangu “ndiJehova, uye ^bndinoziva magumo kubva kwekutanga; nokudaro ruoko rwangu rwuchave pamusoro pako.

9 Uye ndichaita newe rudzi rwukuru, uye “ndichakuropafadza kupfuura mwero, uye ndigoita zita rako rikure pakati pamarudzi ose, uye iwe uchave maropafadzo kumbeu yako, kuti mumaoko avo vachatakura basa iri ^bneHupirisita kumarudzi ose;

10 Uye ndichavaropafadza kuburikidza nezita rako; nokuti se-

2a Gen. 11:29.

NKM Sara.

b Gen. 11:27; 22:20-24.

3a Gen. 12:1;

Mabasa 7:1-3.

4a Neh. 9:7.

b Gen. 11:31-32.

5a Josh. 24:2.

6a NKM Roti.

b Gen. 17:1.

NKM Jesu Kristu—
Kurama kwaKristu

Asati Azvarwa

paNyama.

c Gen. 12:2-3;

Abr. 1:19.

d Gen. 13:14-15; 17:8;

Eks. 33:1.

NKM Nyika

yeChipikirwa.

7a 1 Ni. 17:39;

D&Z 38:17.

b Isa. 66:15-16.

8a NKM Jehova.

b NKM Saruzivo.

9a 1 Ni. 17:40;

2 Ni. 29:14;

3 Ni. 20:27;

Morm. 5:20.

NKM Abrahama—

Mbeu yaAbrahama.

b D&Z 84:17-19;

Mos. 6:7.

NKM Hupirisita

hwaMerkizedeki.

vazhinji vachagashira “Vhangeri iri vachadaidzwa nezita rako, uye vachaverengwa ^bsembeu yako uye vachasimuka uye vachikupafadza, ‘sababa wavo.

11 Uye “ndicharopafadza avo vanokupafadza, uye ndigotuka avo vanokutuka, uye mauri (kureva kuti, muHupirisita hwako), ^bnembeu yako (kureva kuti Hupirisita hwako), nokuti ndinokupa ruvimbiso kuti ‘kodzero iyi icharamba iri mauri, nembeu yako mushure mako (kureva kuti, mbeu yechokwadi kana mbeu yemuviri) dzose mhuri dzepasi dzicharopafadzwa kana nemaropafadzo eVhangeri, ayo ari maropafadzo eruponeso, kunyangwe upenyu hwokusingaperi.

12 Zvino, mushure mekunge Ishe varegera kutaura kwandiri, uye vabvisa chiso chavo kwandiri, ndakati mumwoyo mangu: Muranda wenyu “akakutsvagai muchokwadi; zvino ndakuwanai;

13 Makatumira ngirozi yenyu kuti “izondibvisa kubva kuna vamwari veErikena, uye ndichaita zvakanaka kuteerera kuzwi renyu, nokudaro regai muranda wenyu asimuke uye abve murunyararo.

14 Saka ini Abrahamama, ndakabva sekutaura kwakanga kwaita Ishe kwandiri, uye Roti

aineni; uye ini Abrahamama, ndaive nemakore “makumi matanhatu nemaviri ekuberekwa pandakabva ndichibuda muHarani.

15 Uye ndakatora “Sarai, uyo wandakatora kuti ave mukadzi wangu pandakanga ndiri ^bmuUri, muKardia, uye Roti, mwana komana wemunin’ina wangu, nezvinhu zvedu zvose zvatakanga taunganidza, nemweya yatange ‘tawana muHarani, uye ndokubva tauya munzira inoenda kunyika ^dyeKanani, uye tichigara mumatende zvataiuya tiri munzira yedu;

16 Nokudaro, kusingapere ndokwaive kufuga kwedu “nedombo redu neruponeso rwedu, pataifamba kubva kuHarani nenzira yekuJeshoni, tichiuya kunyika yeKanani.

17 Zvino ini Abrahamama, ndakavaka “aritari munyika yeJeshoni, uye ndikaita mupiro kuna Ishe, uye ndakanamata kuti ^bnzara ibviswe mumba mababa vangu, kuti vasaparare.

18 Uye zvino takapfuura kubva kuJeshoni nemunyika tichienda kunzvimbo yainzi Seke mu; yakanga iri mumarenje eMore, uye takanga tatove migmanganhu yenyika “yemaKanani, uye ndikapira ^bmupiro ipapo mumapani eMore, uye ndikadaidza kuna Ishe nemwoyo

10a VaG. 3:7-9.

^b Gen. 13:16;

VaG. 3:29;

2 Ni. 30:2.

^c NKM Patiriyaki.

11a NKM Chibvumirano chaAbrahamama.

^b Isa. 61:9.

^c NKM Nhaka

yeKuzvarwa nayo;

Israeri; Hupirisita.

12a D&Z 88:63.

13a Abr. 1:15-17.

14a Gen. 12:4-5.

15a NKM Sara.

^b NKM Uri.

^c NKM Kupinduka.

^d NKM Kanani.

16a NKM Ibwe.

17a NKM Artari.

^b Abr. 1:29.

18a Gen. 12:6.

^b NKM Kupira.

wangu wose, nokuti takanga tatosvika munyika yerudzi urwu rwekunamata zvfananidzo.

19 Uye Ishe vakazviratidza kwandiri mukupindura minamoto yangu, uye vakati kwandiri: Kumbeu yako ndichapa “nyika iyi.

20 Uye ini Abrahamu, ndakasimuka kubva panzvimo yearitari iyo yandakanga ndavaka kuna Ishe, uye ndikabvapo ndichienda mugomo raive kumabvazuva “kweBeteri, uye ndokudzika tende yangu ipapo, Beteri iri kumadokero, uye ^bHai iri kumabvazuva; uye iko ndakavaka imwe aritari kuna Ishe, uye ‘ndikadaidza zvakare zita ralshe.

21 Uye ini Abrahamu, ndakafamba, ndichiramba ndichienda nechekumaodzanyemba; uye kwaive nenzara yairamba irimo munyika; uye ini, Abrahamu, ndakafunga kudzika kuEgipita, kumbonogara ikoko, nekuti nzara yakatambudza zvikuru.

22 Uye zvakaitika kuti pandakanga ndave pedyo nekupinda muEgipita, Ishe vakati kwandiri: Tarisai, “Sarai, mukadzi wako, mukadzi akanaka chairo kumutarisa;

23 Nokudaro zvichaitika kuti, apo maEgipita vachamuona, vachati—Mukadzi wake; uye vokuuraya, asi vachamuhengeta ari mupenyu; nokudaro ona kuti waita uchidai:

24 Rega iye ati kumaEgipita, iye ihanzvadzi yako, uye mweya wako uchapona.

25 Uye zvakaitika kuti ini Abrahamu, ndakaudza Sarai, mukadzi wangu, zvose zvakananga Ishe vataura kwandiri—Nokudaro iti kwavari, ndinokumbira, uri hanzvadzi yangu, kuti zvive zvakanaka kwandiri kuitira iwe, uye mweya wangu uchapona pamusana pako.

CHITSAUKO 3

Abrahamu anodzidza nezvezuwa, mwedzi, nyenyedzi kuburikidza neUrimi neTumimi—Ishe vanoratidza kwaari mamiriro ekusingaperi emweya—Anodzidza nezveupenyu pasati pave nenyika, kufanogadzwa, kusikwa, kusarudzwa kweMununuri, uye magariro echipiri emunhu.

UYE ini Abrahamu, ndaive “neUrimi neTumimi, iyo Ishe Mwari vangu vakanga vandipa, muUri yemaKardia;

2 Uye ndakaona “nyenyedzi, kuti dzakanga dzakakura, uye nokuti imwe yadzo yakanga iri pedyo nechigaro chaMwari; uye kwakanga kuine zhinji huru kwazvo dzakange dziri pedyo nayo;

3 Uye Ishe vakati kwandiri: Idzi ndidzo dzimwe dzinotonga dzekutanga; uye zita rehuru


19a Gen. 13:12-15; 17:8;
Eks. 3:1-10; Num. 34:2.
NKM Nyika
yeChipikirwa.
20a NKM Beteri.

b Gen. 13:3-4.
c Gen. 12:8.
22a Gen. 12:11-13.
3 1a Eks. 28:30;
Mosaya 8:13; 28:13-16;

Nh—JS 1:35.
NKM Urimi neTumimi.
2a Abr. 1:31.

MUFANIKISO SEZVAURI KUBVA MUBHUKU
RAABRAHAMA

Namba 2



TSANANGURO

Mufananidzo 1. Korobhu, inoreva kusikwa kwekutanga, pedyo pedyo neseresitiyaro, kana pahugari hwaMwari. Wekutanga muhurumende, wekupedzisira maererano nokuyerwa kwenguva. Kuyera maererano nenguva yeseresitiyaro, iri nguva yeumambo hweseresitiyaro, inoreva zuva rimwechete kukubiti. Zuva rimwechete muKorobhu rinoenzana nechiru chemakore maererano nekuyera kwepasi pano, uko kunodaizwa nemaEgipita kuti Ja-o-e.

Mufananidzo 2. Imire pamwechete neKorobhu, iyo inonzi nemaEgipita Oribirishi, inove ndiyo inotevera huru pakusikwa kwezvinotonga, iri pedyo neumambo hweseresitiyaro kana kuti panogara Mwari; inobata makayi esimba, riri maererano nedzimwe nyika; sezvakaratidzwa kubva kuna Mwari kuna Abrahamama, achipira mupiro paaritari, iyo yaakanga avakira kuna Ishe.

Mufananidzo 3. Wakaitwa kumirira Mwari vagere pachigaro chavo chekutonga, vakapfekedzwa simba nehutongi; nekorona yechiedza chekusingaperi iri pamusoro pavo; yakamirirawo maZwi makuru eHupirisita Hutsvene, sekuraticidzwa kwahwakaitwa kuna Adama muBindu reEdeni, sezvakaitwawo Seti, Noa, Merkizedeki, Abrahamama, nevose uko kwakaratidzwa Hupirisita.

Mufananidzo 4: Inodaira kuizwi rechiHeberu Rekeyangi, iro rinoreva mukaha kana muhudzikwa hwematenga; zvakare mufananidzo wekuverenga, muchiEgipita unoreva chiuru chimwechete; uchipindura kuyerwa kwenguva yeOribirishi, iyo yakaeenzana neKorobhu mukufamba kwayo uye mekuyera kwayo nguva.

Mufananidzo 5. Unonzi nechiEgipita Enishi-go-on-doshi; iyi imwewo yenyika dzinotonga, uye inonzi nemaEgipita iZuva, uye kuti inotora chiedza chayo kubva kuKorobhu kuburikidza nekune Kae-e-vanirashi, iyo inove ndiyo Kiyi huru, kana, kuti nemamwe mazwi, ndiyo simba rinotonga, iro rinotonga dzimwe nyika kana nyenyedzi dzisangafambe, dzinoita gumi neshanu, seForoesi kana Mwedzi, Nyika neZuva mukufamba kwazvo pagore. Ino nyika inogashira simba rayo kuburikidza nekune Kiri-foros-is-esi, kana Ha-ko-kau-bemu, nyenyedzi dzinomirirwa nenhamba 22 ne23, dzinotambira chiedza kubva mukutenderera kweKorobhu.

Mufananidzo 6. Unomirira nyika ino mumativi mana ayo.

Mufananidzo 7. Unoratidza Mwari vagere pachigaro chavo cheumambo, vachiratidza kuburikidza nematenga maZwi maKuru eHufundisi; zvakarewo nechiratidzo cheMweya Mutsvene kuna Abrahamama, ichinge njiva.

Mufananidzo 8. Une zvinyorwa zvisingagone kuratidzwa kunyika; asi zvi-Noanikwa muTemberi Tsvene yaMwari.

Mufananidzo 9. Haufanire kuratidzwa panguva dzino.

Mufananidzo 10. Naiwoyo.

Mufananidzo 11. Naiwoyo. Kana nyika ikakwanisa kuwana zvirerengo izvi, saizvozo regai zvidaro. Amen.

Mufananidzo 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20 na 21 nemumwechete, ichapiwa munguva yazvo yakafanira yalshe.

Dudziro iri pamusoro iyi inopihwa sekukwanisa kwatinoita sekodzero yatii-nayo panguva ino.

yacho rinonzi “Korobhu, nokuti iri pedyo neni, nokuti ndini Ishe Mwari vako: Ndaisa iyi kuti itonge dzose idzo dzinove nerudzi rumwechete seiyo yamire pamusoro payo.

4 Uye Ishe vakati kwandiri, neUrimi neTumimi, iyo Korobhu yakanga iri mutowo walshé, maererano nenguva nemwaka wayo mukutenderera kwayo; kuti kutenderera kamwechete kwaive “zuva rimwechete kuna Ishe, mutowo wavo wekuverenga, zinovechiuru chimwechete^bchemakore maererano nenguva yakadomerwa kune icho chaumire pamusoro. Uku ndiko kuverengwa kwenguva yaIshe, maererano nokuverenga kweKorobhu.

5 Uye Ishe vakati kwandiri: Nyika iyo inové ndiyo chiedza chidiki, chidiki kune icho chinotonga masikati, kunyangwe cheusiku, chiri pamusoro kana kuti chikuru kupfuura icho pamusoro pachopawakamira, pakuenzanisa, nokuti chinofamba nehurongwa zvishoma-shoma; izvi zvirimugwara nokuti chimire pamusoro penyika apo paumire, nokudaro kuyera kwachonguva yachohakuna kuwanda sehuhwandu hwemazuva, nezvemwedzi, nemakore.

6 Uye Ishe vakati kwandiri: Zvino Abrahama, zvokwadi “zviviri izvi zviripo, tarisai maziso ako anozviona; zvirikupihwa kwauri kuti uzive nguva dzeku-

verenga, nenguva dzakatarwa, hongu, nguva yakatarwa yenyika iyo ine pamusoro pawakamira, nenguva yakatarirwa kutonga masikati, nenguva yatarirwa chiedza chidiki ichochakatarirwa kutonga husiku.

7 Zvino nguva yakatarirwa chiedza chidiki inguva refu sekuverengwa kwayo kupfuura kuverengwa kwenguva yenyika pamusoro paumire.

8 Uye panove neizvi zvinhu zviriviri zviripo, pachave nechimwe pamosoro pazvo, kureva kuti, pachave neimwe nyika kuverengwa kwenguva yayo kwakareba kupfuura zvakare;

9 Uye uku kuchave kuverengwa kwenguva yeimwe nyika pamusoro peimwe, kudakara wauya pedyo neKorobhu, iri iyo Korobhu iri maererano nekuverengwa kwenguva yaIshe; inové iyo Korobhu yakatarwa pedyo nechigaro chaMwari, kuti itonge dzose nyika idzo dzinove “dzhurongwa humwechete sepawakamira.

10 Zvinopihwa kwauri kuti uzive kuti nguva dzakatarwa dzenyenyedzi dzose idzo dzakaiswa kuti dzipe chiedza, kudakara iwe wauya pedyo nechigaro chekutonga chaMwari.

11 Saka ini Abrahama, “ndakataura naMwari Ishe, takatarisana, sekutaura kunoita munhu kune mumwe; uye vakanditaurira nezve mabasa akanga aitwa nemaoko avo;

12 Uye vakati kwandiri: Mwa-

3a Ona Mufanikiso 2, Mifananidzo 1-5. NKM Korobhu.

4a Abr. 5:13.
b Mpi. 90:4; II Pet. 3:8.
6a Abr. 3:16-19.

9a D&Z 88:37-44.
11a Gen. 17:1;
Num12:5-8.

nakomana wangu, mwanakomana wangu (uye ruoko rwavo rwakanga rwakatabanudzwa), tarisai ndichakuratidza zvole izvi. Uye vakaisa ruoko rwavo pamaziso angu, ndikao-na zvinhu izvo zvinove zvakaizwa nemaoko avo; zvaiva zvizhinji; uye zvikawanda pamberi pemaziso angu, uye handina kuona kwazvakagumira.

13 Vakati kwandiri: Iyi iShineha, inove ndiyo zuva. Uye vakati kwandiri: Kokobhu, inove nyenyedzi. Uye vakati kwandiri: Orea, unove ndiwo mwedzi. Uye vakati kwandiri: Kokaubhemu, inoreva nyenyedzi zhinji, kana zvole zviyedza zvikuru, izvo zvaive muhudzi-kwa hwedenga.

14 Uye hwakange huri husiku nguva yakataura Ishe mazwi aya kwandiri: Ndichaita kuti "uwande, ^bnembeu yako mushure mako, sezvakaita idzi; uye kana ukagona 'kuverenga huwandu hwejecha, ndomawandiro achaita mbeu yako.

15 Uye Ishe vakati kwandiri: Abrahama, ndinoratidza zvinhu izvi kwauri musati maenda kuEgipita, kuti ugoparidza mazwi ose aya.

16 Kana pakaita zvinhu zviviri, uye poita chimwe pamusoro pechimwe pachave nezvikuru kwazviri pamusoro pazvo; nokudaro "Korobhu ndiyo huru kupfuura Kokaubhemu yose

iyo yawaona, nokuti ndiyo iri pedyo pedyo neni kupfuura dzimwe.

17 Zvino, kana paine zvinhu zviviri, chimwe chiri pamusoro pechimwe, uye mwedzi uri pamusoro penyika, zvino zvingangoita kuti nyika dzemuchadenga kana nyenyedzi ingangove pamusoro payo; uye hapana chinhu chekuti Ishe Mwari vako chavanoisa mumwoyo mavo kuti vaite asi "vanotochiita.

18 Kana zvakadaro kuti akaita nyenyedzi huru; sezvakare, kana paine mweya miviri, uye mumwe ugone unenjere kupfuura mumwe wakachenjera kupfuura mumwe, asi iyo mweya miviri iyi, kana dai mumwe wakachenjera kupfuura mumwe, haina mavambo; yakange iripo kare, ichave isina magumo, ichazovepo mushure, nokuti ndeye "noraumu kana kokusingaperi.

19 Uye Ishe vakati kwandiri: Izvi zvokwadi zviviri zviripo, kuti kune mweya miviri, mumwe uine njere neungwaru kupfuura mumwe; kuchave nemumwe une njere neungwaru kufuura yose; ndini Ishe Mwari vako, ndine njere "neungwaru kupfuura yose.

20 Ishe Mwari vako vakatumira ngirozi yavo "kuzokubvisa mumaoko emupirisita weErikena.

14a Abr. 2:9.

^b Gen. 13:16;

D&Z 132:30.

^c Gen. 22:17; Hos. 1:10.

16a Abr. 3:3.

17a Jobo 9:4-12.

18a Noraumu idudziro
yeizwi rechiHeberu
rinoreva
hwekusingaperi.

19a Isa. 55:8-9.

NKM Saruzivo.

20a Abr. 1:15.

21 Ini ndinogara pakati pavo vose; ini zvino nokudaro ndauya pasi kwauri kuzotaura kwauri “mabasa ayo akagadzirwa nemaoko angu, umo ^bungwaru hwangu hunopfuura vose, nokuti ndinotonga mumatenga kumusoro, nemunyika pasi, muungwaru hwose nekuenzanisa, pamusoro penjere neungwaru hwose hwakaonekwa nemaziso ako kubvira pakutanga; ndakadzika pakutanga pakati penjere neungwaru hwose hwawakaona.

22 Zvino Ishe vakanga vandiratidza ini Abrahamama, “njere neungwaru hwakarongwa nyika ^bisati yavepo; uye mukati mavo vose ava maive ^cnevairemekezwa nevakuru-vakuru;

23 Uye Mwari vakaona mweya iyi kuti yakanga yakanaka, uye vakamira pakati pavo, uye vakati: Ava ndichavaita vatongi vangu; nokuti vakamira mukati meavo vakanga vari mweya, uye vakaona kuti vakanga vakanaka; uye vakati kwandiri: Abrahamama, iwe uri mumwe wavo; iwe ^awakasaruudzwa usati wazvarwa.

24 Uye pakamira ^amumwe pakati pavo akanga akaita saMwari, uye akati kune avo

vakanga vainaye: Tichaenda pasi, nokuti pane nzvimbo ipapo, uye tichatora zvinhu izvi uye ^btichaita ^cnyika apo ava vachagara;

25 Uye ^atichavayedza ipapo, kuti tione kuti ^bvachaita here zvose zvinhu zviru zvipi Ishe Mwari vavo zvavachavaudza kuti vaite;

26 Uye avo vachachengeta nzvimbo yavo “yekutanga vachapamhidzirwa; uye vasingachengete nzvimbo yavo yekutanga havazowana kubwinya muumambo humwechetewo neavo vanochengeta nzvimbo yekutanga yavo; uye avo vanochengeta nzvimbo yavo ^byechipiri vachawana kupamhidzirwa ^ckwekubwinya kwavo pamisoro yavo nariini nariini.

27 Uye ^aIshe vakati: Ndichatuma ani? Uye mumwe akapindura ^bseMwanakomana weMunhu: Ndiri pano, nditumei. Uye ^cmumwe akapindura akati: Ndiri pano nditumei. Uye Ishe vakati: Ndichatuma atanga.

28 Uye ^awechipiri akashatirwa, uye akasachengeta nzvimbo yake yekutanga, pazuva iroro ^bvazhinji vakatevera mu-shure make.

21a D&Z 88:45–47;
Mos. 1:27–29.

^b NKM Ungwaru.

22a NKM Ungwaru.

^b NKM Dare rekuDenga;
Upenyu hwenyama
husati hwavapo.

^c D&Z 138:55.

23a Isa. 49:1–5;

Jer. 1:5.

NKM Akasarudza,

Akasaruudza;

Kufano gadzwa.

24a NKM Dangwe.

^b NKM Sika.

^c NKM Pasi—

Rakasikirwa munhu.

25a D&Z 98:12–14;

124:55.

NKM Kuzvisaruudzira;

Hurongwa

hweRununuro.

^b NKM Anoteerera.

26a Jud. 1:6.

^b NKM Upenyu
hwenyama.

^c Tito 1:2.

NKM Kubwinya.

27a NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari—
Mwari Baba.

^b NKM Jesu Kristu;

Mwanakomana

weMunhu.

^c Mos. 4:1–2.

28a NKM Dhiabhorosi.

^b NKM Vanakomana
veKuraswa.

CHITSAUKO 4

VanaMwari vanoronga kusikwa kwenyika nehwose upenyu hurimo—Zvirongwa zvavo zvemazuva matanhatu ekusika zvinomiswa.

UYE zvino Ishe vakati: Ngatie-nde pasi. Uye vakaenda pasi “pakutanga, uye ivo zvichireva vanaMwari, ^bvakaronga uye vakaumba matenga nenyika.

2 Uye nyika, mushure mekunge yaumbwa, yakanga isina chinhu uye isina chiso chirimo, nokuti vakanga vasati vaumba chinhu asi nyika; uye rima raitonga pamusoro chehudzamu, uye Mweya wavanaMwari wakanga “wakapararira pachiso chemvura.

3 Uye ivo (vanaMwari) vakati: Ngakuve nechiedza; uye kukave nechiedza.

4 Uye ivo (vanaMwari) vakanzwisisa chiedza, nokuti chakanga chajeka; uye vakapatsanura chiedza, kana kuti vakakonzera kuti chipatsanurwe, kubva kurima.

5 Uye vanaMwari vakadaidza chiedza kuti Zuva, uye rima vakaridaidza kuti Usiku. Uye zvakaitika kuti kubvira manheru kusvika mangwanani vakadaidza kuti usiku, uye kubvira mangwanani kusvika manheru vakadaidza kuti zuva; uye uku ndiko kwaive kwekutanga, kana kuvamba, kweicho chavanoti zuva neusiku.

6 Uye vanaMwari vakatiwo; Ngakuve “nemukaha pakati pemvura, uye richipatsanura mvura kubva kumvura.

7 Uye vanaMwari vakati vakaita mukaha, kuti upatsanure mvura yaive pasi pemukaha kubva pamvura yaive pamusoro pemukaha; uye zvakaitika saizvozvo, kana sekutaura kwa-vakanga vaita.

8 Uye vanaMwari vakadaidza mukaha iwoyo kuti “Denga. Uye zvakaitika kuti kubvira manheru kudakara mangwanani, vakadaidza kuti usiku; uye zvakaitika kuti kwaive kubvira mangwanani kusvika manheru kwavakadaidza kuti masikati; uye iyi yaive ^bnguva yechipiri kekuti vadaidze husiku nemasikati.

9 Uye vanaMwari vakataura vachiti: “Mvura iri pasi pedenga ngaiungane pamwechete panzvimbo ^bimwechete, uye nyika ngaiuye yakaoma; uye zvakaita saizvozvo sekutaura kwavakanga vaita;

10 Uye vanaMwari vakaitumidza zita nzvimbo yakaoma, Nyika; kuungana pamwechete kwemvura, vakaitumidza zita Mvura “Huru; uye vanaMwari vakaona kuti vateererwa.

11 Uye vanaMwari vakati: Ngatigadzirei nyika kuti iunze “huswa; gwenzi rinobereka mhodzi; muti wemuchero unobereka muchero, yerudzi rwawo, mbeu yayo pachayo ichiburitsa yayo

4 1a Gen. 1:1; Mos. 2:1.

^b NKM Sika.

2a Gen. 1:2; Mos. 2:2.

6a Gen. 1:4-6; Mos. 2:4.

8a NKM Denga.

^b Gen. 1:8.

9a Amosi 9:6;

Mos. 2:7.

^b Gen. 1:9.

10a Gen. 1:10; Abr. 4:22.

11a Gen. 1:11-12;

Mos. 2:11-12.

yakafanana naiyo pamusoro penyika; uye zvakaitika saizvozvo, kunyangwe sekutaura kwavakanga vaita.

12 Uye vanaMwari vakaronga kuti nyika iunze uswa kubva kumbeu yawo, uye gwenzi kunzwa gwenzi kubva kumbeu yaro, ichibereka mbeu kubva kurudzirwayo, nenyika ichiunza muti kubva kumbeu yavo, uchiita muchero iyo mbeu yacho ichigona chete kuunza, yerudzi rwayo, uye VanaMwari vakaona kuti vateererwa.

13 Uye zvakaitika kuti vakaverenga mazuva; kubvira manheru kusvika mangwanani vakati usiku; uye zvakaitika, kubva mangwanani kusvika manheru vakati masikati; uye kakanga kari kechitatu.

14 Uye vanaMwari vakaronga “zviyedza mumukaha yedenga, uye vakaita kuti iganhure masikati kubva kuusiku; uye vakazvironga kuti zvive zviratidzo uye zvemwaka, nezvemazuva nemakore;

15 Uye vakazvironga kuti zvive mwenje munzvimbo yedenga kuti zvipe chiedza panyika; uye zvakaitika saizvozvo.

16 Uye vanaMwari vakaronga zviyedza zvikuru zviviri, chiedza “chikuru kuti chitonge masikati, uye chiedza chidiki kuti chitonge usiku; pamwe nechiedza chidiki vakaisawo nyenyedzi;

17 Uye vanaMwari vakazviisa munzvimbo yedenga, kuti

zvipe chiedza panyika, nokutonga masikati neusiku, nekuita kuti zviganhure chiedza kubva murima.

18 Uye vanaMwari vakatarisa zvinhu izvo zvavakanga vataura kusvika zvateerera.

19 Uye zvakaitika kuti zvive kubvira manheru kusvika mangwanani kuti kwaive usiku; uye zvakaitika kuti zvaive kubvira mangwanani kusvika manheru kuti aive masikati; uye kakanga kari kechina.

20 Uye vanaMwari vakati: Ngatigadzirei mvura kuti iunze zvakawanda zvisikwa zvinofamba zvine upenyu; neshiri, kuti dzigobhururuka pamusoro penyika munzvimbo isina chinhu yedenga.

21 Uye vanaMwari vakagadzira mvura kuti iunze “jekawacheka huru, uye nechose chisikwa chinofamba, izvo zvaiunzwa nemvura zvakawanda nerudzi rwazvo; nechose chine mapapiro mushure nerudzi rwazvo. Uye vanaMwari vakaona kuti vaizoteererwa, uye nokuti zano ravo rakanga rakanaka.

22 Uye vanaMwari vakati: Tichazviropafadza, uye toita kuti zvibereke uye zviwande, uye zvigozadza mvura iri mugungwa kana mvura “huru; uye nokuita kuti shiri dziwande munyika.

23 Uye zvakaitika kuti aive manheru kusvika mangwanani avakaidza kuti usiku; uye zvakaitika kuti kwaiva kubva mangwanani kusvika manheru

kwakadaidza kuti masikati; uye kaive kechishanu.

24 Uye “vanaMwari vakagadzira nyika kuti zvisikwa zvipenyu zverudzi rwazvo, mombe nezvinhu zvinokambaira, nemhuka dzenyika mushure merudzi rwadzo; uye zvikaita saizvozvo, sekutaura kwavakanga vaita.

25 Uye vanaMwari vakaronga nyika kuti iunze mhuka nerudzi rwadzo, nemombe nerudzi rwadzo, nechose chinokambaira pamusoro penyika nerudzi rwacho; uye vanaMwari vakawona kuti zvichateerera.

26 Uye vanaMwari “vakarongana pakati pavo uye vakati: Ngatiendei pasi ^btinoumba munhu ‘nechimiro mufananidzo wedu, mushure memufananidzo wedu; uye tichavapa simba pamusoro pehove dzegungwa, nepamusoro peshiri yedenga, nepamusoro pemombe, nepamusoro pechinhu chose chinokambaira icho chinokambaira pamusoro penyika.

27 Saizvozvo, “vanaMwari vakaenda pasi kunounza kuvepo kwemunhu nemufananidzo wavo, mufananidzo wavo vanaMwari kunomuumba, murume nemukadzi kunovaumba ivo.

28 Uye vanaMwari vakati: Tichavaropafadza. Uye vanaMwari vakati: Tichavaita kuti vabereke uye vawande, uye vazadze nyika, uye vaikurire, no-kuve nehutongi pamusoro pehove dzegungwa nepamusoro

peshiri yemhepo, nepamusoro pechinhu chose chipenyu chinofamba pamusoro penyika.

29 Uye vanaMwari vakati: Tarisai, tichavapa rose gwenzi rinobereka mbeu richauya pamusoro penyika yose, nemuti wose uchazove nemuchero pauri; hongu, muchero wemuti wabva mumbeu kwavari tinovava zvichave “kudya kwavo.

30 Uye kune yose mhuka yemunyika, nekushiri yose yedenga, nekune chose chinokambaira panyika, tarisai, tichazvipa upenyu, uye zvakare tichazvipa rose gwenzi rakasvibirira kuti zvidye, uye zvose zvinhu izvi zvicharongwa saizvozvo.

31 Uye vanaMwari vakati: Tichaita zvose zvatataura, uye tizvironge; uye tarisai, zvichateerera chaizvo. Uye zvakaitika kuti zvaive zvakabvira manheru kusvika mangwanani vakati usiku; uye zvakaitika kuti zvaibvira mangwanani kusvika manheru vakazvidaidza kuti masikati; uye vakaverenga “kechitanhatu.

CHITSAUKO 5

VanaMwari vanopedza kuronga kwavo hwekusikwa kwezvinhu zvose—Vanoita kuti zviitike zvekusika maererano nehurongwa hwavo—Adama anotumidza mazita kuchisikwa chipenyu chose.

UYE naizvozvo tichapedza matenga nenyika, nemhomho dzose dzavo.

24a NKM Mwari, Musoro hwehuMwari.
26a NKM Rairo.

b NKM Munhu.
c Mos. 6:8-10.
27a Gen. 1:26-27;

Abr. 5:7.
29a Gen. 1:29-30.
31a Eks. 31:17.

2 Uye vanaMwari vakati pakati pavo: Panguva “yechinomwe tichapedza basa redu, iro ratarangana; uye tichazorora munguva yechinomwe kubva mubasa redu rose iro ratarangana.

3 Uye vanaMwari vakapedza panguva yechinomwe, nokuti panguva yechinomwe vakati “vaizozorora kubva mumabasa avo ose avakanga ivo (vanaMwari) varangana pakati pavo kuti vaumbe; uye ^bvakaichenesa nguva iyoyo. Uye ndizvo zvakange zviru mafungiro avo panguva dzavakarangana pakati pavo kuti vaumbe mateंगा nenyika.

4 Uye vanaMwari vakauya pasi uye vakaumba izvi zvizvarwa zvematenga nenyika, apo pazvakaitwa muzuva iro vanaMwari vakaita nyika nematenga,

5 Maererano nezvose izvo zvakavanga vataura nezve yose mbeu yesango “isati yave munyika, uye rose gwenzi resango risati rakura; nokuti vanaMwari vakanga vasati vaita kuti kunaye pamusoro penyika pavakarangana kuti vazviite, uye vakanga vasati vaumba munhu anorima ivhu.

6 Asi kwakasimuka mhute kubva muvhu, uye ikadiridza chose chiso chevhu.

7 Uye ^avanaMwari vakaumba

munhu kubva ^bmuguruva renyika, uye vakatora ^cmweya wake (uyo uri mweya vemu-nhu), uye vakauisa maari; uye vakafemera mumhuno dzake mweya weupenyu, uye munhu akave ^dmweya mupenyu.

8 Uye vanaMwari vakadyara bindu, nechekumabvazuva ^amuEdeni, uye imomo vakaisa munhu, uyo mweya wake vakanga vauisa mumuviri uyo wavakanga vaumba.

9 Uye vanaMwari vakaita kuti mukure wose muti uyo unofadza kuona uye wakanakira kudya muti weupenyu, zvakare, pakati pebindu, “nemuti weruzivo rwechakanaka nechakaipa.

10 Paive nerukova rwaibva muEdeni rwaidiridza bindu, uye kubvira ipapo rwaipararana uye rwoita hova ina.

11 Uye vanaMwari vakatora munhu uye vakamuisa muBindu reEdeni, kuti arigadzire nekurichengeta.

12 Uye vanaMwari vakakohomedza munhu, vachiti: Yose miti yemubindu unogona kudya wakasununguka,

13 Asi muti weruzivo rwechakanaka nechakaipa, iwe hauudye; nokuti panguva yauchaudya, iwe uchafa zvechokwadi. Zvino ini Abrahamama, ndakaona kuti yaive ^anguva yaive maererano nenguva ^byeKorobhu; nokuti kusvika panguva iyoyo

5 ^{2a} NKM Zuva reSabata.

3 ^a Eks. 20:8-11;

Mosaya 13:16-19.

^b D&Z 77:12.

5 ^a NKM Kusikwa

muMweya.

7 ^a Abr. 4:26-31.

^b Mos. 4:25; 6:59.

^c Gen. 2:7; D&Z 93:33.

NKM Upenyu

hwenyama husati

hwavepo; Mweya.

^d NKM Mweya (Mweya neMuviri).

8 ^a NKM Edeni.

9 ^a NKM Muti weUpenyu.

13 ^a II Pet. 3:8.

^b Abr. 3:2-4.

NKM Korobhu.

MUFANIKISO SEZVAURI KUBVA MUBHUKU RAABRAHAMA

Namba 3



TSANANGURO

Mufananidzo 1. Abrahama agere pachigaro chekutonga chaFarao, abvumirwa nokupfava kwamambo, aine korona pamusoro pake, yairatidza Hupirisita, sechiratidzo cheHutungamiri hukuru huri Kudenga netsvimbo yekuenzanisa nekutonga iri mumaoko ake.

Mufananidzo 2. Mambo Farao, uyo anezita riri kupihwa mumifananidzo iri pamusoro pake.

Mufananidzo 3. Unoratidza Abrahama ari muEgipita sezvavakaita mumufananidzo gumi weMufanikiso Sezvauri wekutanga.

Mufananidzo 4. Jinda raFarao, Mambo weEgipita, sekunyorwa kwazvakaitwa pamusoro peruoko.

Mufananidzo 5. Shuremu, mumwe wevakuru vaishandira mambo, sekurati-dzwa kwazviri kuitwa nemifananidzo iri pamusoro peruoko rwake.

Mufananidzo 6. Orimura, nhapwa yaive yejinda.

Abrahama ari kudzidzisa nezvemirau yezveNyenyedzi, ari mudare ramambo.

vanaMwari vakanga vasati vapa kuna Adama maverengero ake ezvinhu.

14 Uye vanaMwari vakati: Ngatigadzirei mubatsiri akafanira munhu, nokuti hazvina kuna kuti munhu ave ega, nokudaro tichaumba mubatsiri wake.

15 Uye vanaMwari vakaita kuti “Adama abatwe nehope dzaka dzama; uye akarara, uye vakatora imwe yembabvu dzake, uye vakavhara nenyama panzvimbo iyoyo;

16 Uye nembabvu vanaMwari yavakanga vatora pamunhu, vakaumba ^amukadzi, uye vakamuunza kumurume.

17 Uye Adama akati: Iri range riri bvupa remapfupa angu, uye nenyama yenyama yangu, zvino achanzi Mukadzi, nokuti akatorwa kubva pamurume;

18 Nokudaro murume achasiya baba namai vake, uye ^aagonamatira kumukadzi wake, uye ivo vachave nyama ^bimwechete.

19 Uye vari vaviri vakanga vasina kusimira, murume nemukadzi wake, uye vakanga vasinganyare.

20 Uye kubva muvhu vanaMwari vakaita yose mhuka yesango, neshiri yose yemhepo, uye ndokudziunza kuna Adama kuti aone; kuti angadzidaidze kutii; uye rose zvaro zita rakadaidzwa chose chisikwa chipenyu naAdama, iroro ndiro zita racho.

21 Uye Adama akapa mazita kumombe dzose, kushiri dzemhepo, kumhuka yose yesango; uye Adama akawanirwa muyamuri akamufanira.

15a NKM Adama.
16a NKM Eva.

18a D&Z 42:22; 49:15-16.
b NKM Kuroora.

JOSEPH SMITH — MATEO

Zvakabviswa mukududzirwa kweBhaibheri sekuratidzwa kwazvakaitwa kuna Joseph Smith Muporofita muna 1831: Mateo 23:39 uye chitsauko 24.

Jesu anotaura nezvekuuya kwekuperadzwa kweJerusarema — Anotaurawo nezvekuuya kwechipiri kweMwanakomana weMunhu, nekuperadzwa kwevakaipa.

NOKUTI ndinoti kwamuri, kuti imi hamuchazondiona kubvira zvino uye mugoziwa kuti ndini iyeyo uyo akanyorwa nezvake nevaporofita, kusvika mati: Akaropafadzwa uyo “ano-uya muzita raIshe, mumakore edenga, nedzose ngirozi tsvene dziinaye. Zvino ndipo pakanzwisisa vadzidzi vake kuti achauya zvakare panyika, mushure mekunge aremekedzwa nekugadzwa korona kurudyi ^brwaMwari.

2 Uye Jesu akaenda kunze, uye akabva patemberi; uye vadzidzi vake vakauya kwaari, kuti vazomunzwa, vachiti: Tenzi, tiratidzei nezvedzimba dzetemberi, sezvo makati — Dzichakandwa pasi, uye dzosiiwa kwamuri dzave dongo.

3 Uye Jesu akati kwavari: Hamusikuona zvose zvinhu izvi, uye hamuzvinzwisise here?

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hapachazosara pano, patemberi ino “dombo rimwechete riri pamusoro perimwe risingakandwe pasi.

4 Uye Jesu akavasiya, uye akaenda “muGomo reMiorivhi. Uye agere paGomo reMiorivhi, vadzidzi vakauya kwaari kaverevere, vachiti: Tiudzei kuti zvinhu izvi zvichaitika rinhi zvamataura pamusoro pekuperadzwa kwetemberi, nekwe-maJuda; uye chii ^bchiratidzo “chekuuya kwenyu, “nekwekuguma kwenyika, kana kuparadzwa “kwevakaipa, uko kurii-ko kuguma kwenyika?

5 Uye Jesu akapindura, uye akati kwavari: Chenjerai kuti hakuna munhu anokunyengedzai;

6 Nokuti vazhinji vachauya muzita rangu, vachiti — Ndini Kristu — uye vachanyengedza vazhinji;

7 Zvino vachakuisai “kunotambudzwa, uye vagokuurayayi, uye imi ^bmuchavengwa nemarudzi ose, pamusana pezita rangu;

1 1a Mat. 26:64;
Mabasa 1:11.
b NKM Mwari, Musoro
hwehuMwari.
3a Ruka 19:44.
4a NKM MiOrivhi,
Gomo re.
b Ruka 21:7–36;

D&Z 45:16–75.
NKM Mazuva
Ekupedzisira;
Zviratidzo zveNguva.
c NKM Kuuya
Kwechipiri kwaJesu
Kristu.
d NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.
e Mara. 4:1;
D&Z 133:64–74.
NKM Akaipa.
7a I Pet. 4:12–14.
b NKM Kupfuvisa.

8 Uye zvino vazhinji vachagumburwa, uye vachafumurana, uye vachavengana;

9 Uye vakawanda vaporofita venhema vachabuda, uye vachanyengedza vakawanda;

10 Uye nokuti huipi huchawanda, “rudo rwevazhinji rwuchatonhora;

11 Asi uyo acharamba akasimba uye akasakundwa, iyeyo achaponeswa.

12 Kana imi, naizvozvo, pamuchaona “chinyangadzo chinoparadza, chakataurwa nezvachob^anaDanieri muporofita, pamusoro pekuparadzwa kweJerusarema, zvino muchamira munzvimbo ^atsvene, ani zvake anoverenga ngaanzwisise.

13 Zvino ngavaite avo vari muJuda vaende ^amumakomo;

14 Regai uyo ari pamusoro pemba atize, uye asazodzoka kuzatora kana chii zvachomumba make;

15 Kana kubvumira uyo ari mumunda kudzokera kunotora nhumbi dzake;

16 Uye nhamo kune avo vane ^apamuviri, nekune avo vari kuyamwisa mumazuva iwayo;

17 Nokudaro, namatai Ishe kuti kutiza kwenyu kusave muchando, kana musi weSabata;

18 Nokuti ipapo, mumazuva iwayo, kuchave nokutambudzika kukuru ^akumaJuda, nekuvagari ^bveJerusarema, zvisati zvakambotumirwa kuIsraeri, naMwari, kubvira pakutanga

kweumambo hwavo kusvika nguva ino; kwete kana nariini hakuchazotumirwa zvakare kumaIsraeri.

19 Zvose zvinhu zvavawira mavambo chete ekusuwa kuchauya pavari.

20 Uye kunze kwekunge mazuva iwayo akaitwa mashoma, hakuzove nemumwechete wavo achaponeswa; asi pamusana pevakasaruudzwa, maererano nechibvumirano, mazuva iwayo achaitwa mashoma.

21 Tarisai, izvi zvinhu ndazvitaure kwamuri pamusoro pe maJuda; uye zvakare, mushure mematambudziko emazuva iwayo ayo achauya kuJerusarema, kana munhu akati kwamuri, Onai houno Kristu, kana kuti uyo, musamutende;

22 Nokuti mumazuva iwayo muchabudawo vana Kristu venhema, nemaporofita venhema, uye vacharatidza zviratidzo zvikuru nezvishamiso, zvekuti dai zvaikwanisika, vacha nyengedza ivochaivo vakasarudzwa, avo vanove vakasarudzwa maererano nechibvumirano.

23 Tarisai, ndinotaura zvinhu izvi kwamuri pamusana ^apevakasarudzwa; kana nemiwo muchanzwa ^bnezvehondo, nerunyerekupe rwehondo; onai kuti hamutambudzwe nokuti zvose zvandakutaurirai zvinoitika; asi magumo haasati asvika.

24 Tarisai, ndakakutaurirai kare;

10a D&Z 45:27.

12a Dan. 12:11.

^b NKM Danieri.

^c NKM Jerusarema.

^d D&Z 101:22–25.

13a D&Z 133:13.

16a Ruka 23:29–30.

18a NKM maJuda.

^b Zek. 12; 14:1–5.

23a NKM Vakasarudzwa.

^b D&Z 45:26.

25 Nokudaro, kana vakati kwamuri: Tarisai, ave mugwenga, musaendeko: Tarisai, ari mumipanda yakavandika; musazvitende;

26 Nokuti sekuuya kunoita chiedza chemangwanani chichibva kumabvazuya, uye chichipenya kunyangwe kusvika “kumadokero, uye chichizara pasi pose, saizvozvo kana kuuya kweMwanakomana weMunhundozvachaita.

27 Uye zvino ndinokuratidzai mufananidzo. Tarisai, pose pane chitunha, ipapo makondo “achangana; saka nokudaro vakasarudzwa vangu vachangana kubva kumativi mana enyika.

28 Uye vachanzwa nezvehondo, nerunyerেকে rwehondo.

29 Tarisai ndinotaura kuitira vakasarudzwa vangu; nokuti rudzi rwuchamukira rudzi, uye umambo hugomukira umambo; kuchave “nenzara, nezvirwere, nekundengendeka kwenyika, munzvimbo dzakasiyana-siyana.

30 Uye zvakare, pamusana pekuti huipe huchanyanya, rudo rwevanhu rwuchatonhora; asi uyo asingazokurirwa, iyeyo achaponeswa.

31 Uye zvakare, iri Vhangeri reUmambo richaparidzwa “pasi pose, kupupura kumarudzi ose, uye zvino kuguma kuchauya, kana kuparadzwa kwevakaipa;

32 Uye zvakare chinyangadzo chinoparadza, icho chakataurwa nezvacho naDanieri muprofita, chichazadzikiswa.

33 Uye pakarepo mushure mematambudziko emazuva iwayo, zuva “richasvibiswa, uye mwedzi hauzopa chiedza chawo, uye nyenyedzi dzichapanzika kubva kudenga, uye masimba edenga achazunguzwa.

34 Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, chizvarwa chino, icho chicharatidzwa zvinhu izvi, hachizopfuura kusvika zvose zvandataura zvazadzikiswa.

35 Nyangwe zvazvo mazuva achauya ekuti denga nenyika zvichapfuura; asi “mazwi angu haazopfuura, asikuti zvose zvazadzikiswa.

36 Uye, sekutaura kwanda-mboita, mushure “mematambudziko emazuva iwayo, uye masimba ematenga achazunzwa, zvino pachabuda chiratidzo cheMwanakomana weMunhu kudenga, uye zvino ndipo pachachema marudzi ose epanyika; uye vachaona Mwanakomana weMunhu ^bachiuya mumakore edenga, nesimba nekubwinya kukuru;

37 Uye uyo achachengetedza “izwi rangu, haazoniyengedzwa, nokuti Mwanakomana weMunhu achauya, uye achatumira ^bngirozi dzake pamberi pake nekuridzwa kukuru kwehwa-

26a Ezk. 43:2.

27a NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.

29a D&Z 43:24–25.

31a Mat. 28:19–20.

33a Joere 2:10;

D&Z 29:14.

35a D&Z 1:38.

36a JS—Mat. 1:18.

^b NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu

Kristu.

37a NKM Magwaro
matsvene.

^b D&Z 29:11–15.

manda, uye ‘vachaungana pamwechete avo vakasara vevakasarudzwa vangu kubva kumativi mana emhepo, kubva kurutivi rumwe rwedenga kunosvika kune rumwe.

38 Zvino dzidzai mufananidzo “wemuwonde—Panenge mazazi awo achiri matete, uye uchitanga kubuda mashizha, munoziva kuti zhizha rave pedyo;

39 Saizvozvo nokudaro, vakasarudzwa vangu, pavachaona zvose zvinhu izvi vachaziva kuti ave pedyo, kunyangwe pamusuwo;

40 Asi nezvezuva iroto nenguva yacho, hapana “anoziva; kwete ngirozi dzaMwari dziri kudenga, asi Baba vangu chete.

41 Asi sezvakanga zviri mumazuva “aNoa, ndozvazvichange zvakaitawo pakuuya kweMwanakomana weMunhu;

42 Nokuti zvichave kwavari, sezvazvakanga zvakaita mumazuva kusati kwaita “mafashamu; nokuti kusvika musika wakapinda Noa mungarava vakanga vachidya nekunwa, vachiroora nokupa mukuroorana;

43 Uye vakasaziva kusvika mafashamu auya, uye ikavatora vose; ndizvo zvichaitawo kuuya kweMwanakomana weMunhu.

44 Zvino zvichazadzikiswa izvo zvakanyorwa, kuti “mumazuva ekupedzisira, vaviri vachange vari mumunda, mu-

mwechete achatorwa, uye mumwe ^bagosiiwa;

45 Vaviri vachange vachikuya paguyo, mumwechete achatorwa, uye mumwe agosiiwa;

46 Uye zvandinotaura kune umwe, ndinotaura kune vanhu vose; naizvozvo “rindirai, nokuti hamuzive kuti inguvai ichauya Ishe wenyu.

47 Asi zivai izvi, dai murume akanaka wemba akaziva nguva yaiuya mbavha, angadai akagarira, uye angadai asina kubvumira imba yake kuti ipazwe, asi angadai anga akagadzirira.

48 Nokudaro nemiwo ivai makagadzirira, nokuti munguva yamusingafungire Mwanakomana weMunhu anouya.

49 Nnianiko, zvino muranda “akatendeka uye akangwara, uyo akaitwa natenzi wake mutongi wemba yake, uye kuvapa kudya nenguva yacho?

50 Akaropafadzwa muranda iyeyo uyo tenzi wake, paanouya, muranda anowanikwa achii-ta izvozvi; uye zvirokwasvo ndinoti kwamuri, achamuita mutongi wezvose zvinhu zvake.

51 Asi kana muranda akaipa uye akati mumwoyo make: Tenzi wangu “anonoka kuuya kwake,

52 Uye achatanga kurova vamwe vake varanda, uye nokudya nokunwa nevakadhakwa,

53 Tenzi wemuranda iyeyo achauya muzuva raasingamu-

37c NKM Israeri—
Kuunganidzwa kwa
Israeri.

38a D&Z 35:16.

40a D&Z 39:20–21; 49:7.

41a Gen. 6:5.

42a NKM Mafashamu
muNguva dzaNoa.

44a NKM Mazuva
Ekupedzisira.

^b Zek. 13:8.

46a NKM Murindiri.

49a NKM Vimba.

51a D&Z 45:26.

tarisire, uye munguva yaasingazive,

54 Uye achamutsemura nepakati, uye achamupa nzvimbo nevanyengedzi; kuchavepo kuchenema “nekugeda-geda kwemeno.

55 Uye ndiko kuuya kunoita

“kuperakwevakaipa, maererano nechiporofita chaMosesi, chinoti: Vachabviswa mukati mevanhu; asi kuguma kwenyika hakusati kwasvika asi mushure menguva pfupi-pfupi.

54a Mat. 8:12.
55a 2 Ni. 30:10;

D&Z 1:9–10; 29:17.
NKM Nyika—

Kuguma kwenyika.

NHOROONDO — YA JOSEPH SMITH

ZVAKATORWA KUBVA MUNHOROONDO YA JOSEPH SMITH, MUPOROFITA

Nhoroondo yeChechi, Bhuku 1, Zvitsauko 1 kusvika 5

Joseph Smith anotaura nezvema-dzinza ake, nhengo dzemhuri, uye nzvimbo dzavakatanga kugara — Kwaive nekufarira zvekunamata kwakanga kusati kwakamboonekwa kumadokero kwedunhu reNew York — Anofunga kunotsvaka ungaru sekuraira kwaJakobo — Baba neMwana vanoonekwa, uye Joseph anodaidzwa kubasa rake rechipo-rofita. (Ndima diki 1–20).

PAMUSORO penyaya zhinji dzakanga dzave kufambiswa nevanhu vanoda zvakaipa, nokuronga zvisiri izvo, maererano “nekumuka nokubudirira”^b kweChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, zvose zviri zvarongwa nevanepi ivavo kuti zvikananise chimiro charo seChechi uye nokubudirira kwaro munyika — Ndatunhwa kuti ndinyore iyi nhoroondo, kuti ndijekese pfungwa dzevanhu, uye nokuisa vose vanoda chokwadi mukeve nezvechokwadi, zvichienderana nezvechokwadi zvandiinazvo ini pachangu neChechi.

2 Munhoroondo ino ndicharatidza zvakaitika zvacho zvakasiyana-siyana maererano neChechi ino, muchokwadi nemukururama, sekuitika kwa-

zvakaite, kana sezvazviri iye-zvino, richive zvino 1838 gore rechisere kubvira “kurongwa kwakaitwa Chechi ririkutaurwa.

3 “Ndakaberekwa mugore raIshe wedu chiuru chine mazana masere nemashanu muzuva rechimakumi mavairi nematatu raZvita, muguta reSharon, muruwa rweWindsor, muDunhu reVermont. . . . Baba vangu^b Joseph Smith, Baba, vakabva muDunhu reVermont, uye ndokutamira kuPalmyra, muruwa rweOntario (iyo yave kunzi Wayne) muDunhu reNew York, pandakange ndave mugore regumi rekuberekwa kwangu, kana ikoko uko. Mumakore angangokwana mana mushure mekusvika kwababa vangu muPalmyra, vakatama nemhuri yavo kuenda muManchester muruwa rwumwecheterwo rweOntario —

4 Mhuri yavo iine mweya yai-kwana gumi nemumwechete, zvinoti baba vangu, “Joseph Smith;”^b amai vangu, Lucy Smith (zita ravo vasati varoorwa, rainzi Mack, mwanasikana waSolomon Mack); vakoma vangu, “Alvin (uyo akafa muna Mbudzi 19, 1823, ave mugore remakumi maviri nematanhatu ekube-

1 *1a* NKM Kudzororwa pakare kweVhangeri.
b NKM Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva

Ekupedzisira.
2a D&Z 20:1.
3a NKM Smith, Joseph, Mwana
b 2 Ni. 3:15.

4a NKM Smith, Joseph, Baba.
b NKM Smith, Lucy Mack.
c D&Z 137:5–6.

rekwa), “Hyrum, ini, “Samuel Harrison, William, Don Carlos; nehanzvadzi dzangu, Sophronia, Catherine, naLucy.

5 Imwe nguva mugore rechipiri mushure mekunge tatamira kuManchester, munzvimbo ya-taigara, makave nekusagarikana kusingaite panyaya yekunamata. Yakatanga nemaMethodist, asi nokukurumidza yakapararira kuma boka ose mudunhu iroro renyika. Chaizvo, dunhu rose renyika rakanga rangove nazvo, uye vanhu vakabatana pachavo kumaboka ekunamata akasiyana-siyana, ayo akamutsa vanhu zvikuru uye kukava nokupesana pakati pevanhu, vamwe vachichema, ““Onai pano!” uye vamwe, “Onai apo!” Vamwe vaiitirana nharo nezvechitendero chemaMethodist, vamwe nezve Presbyterian, uye vamwe nezve veBaptist.

6 Nokuti, zvakadarwo rudo rukuru rwaitaurwa nevakatendeukira kuzvitendero zvakasiyana-siyana izvi panguva yekutendeuka kwavo, uye nokushingaira kukuru kwairatidzwa nevakatendeusi zevvikwata zvakasiyana-siyana, vakanga vakasimba mukumutsiridza nekushambadza izvo zvakanga zvichiitika pamusoro pezvainzwicka mukunamata uku, kuti vaite kuti munhu wose atendeuke, sezvavaida kuzvidaidza vachiita, munhu ngaapinde chikwata chaanoda; asi paitanga vatendeuki kubva mune rino

bato, vamwe vachienda kune rimwe bato uye vamwe kune rimwe, uye zvikaonekwa kuti kunzwirana kwaiita sekuripo kwose kuvafundisi nekune vatendeuki, kwawakanga kuri kwekunyepera, kwakanga kusiri kwechokwadi; nokuti kwakave nokukanganisika kukuru uye nokufungira kwakaipa kwakatevera — mupirisita akanetsana nemupirisita, uye akatendeuka akanetsana neatendeuka; zvakaitika kuti kunzwirana kwavo kwakanaka, kana kwakambove kwechokwadi, kwakaperera mumazwi “ekunetsana uye nokukwikwidzana mune zvavaifunga.

7 Ndakange panguva iyoyi ndave mugore rangu regumi neshanu. Mhuri yababa vangu yakatendeutsirwa kuchitendero chePresbyterian, uye vana vavo vakapinda chechi iyoyo, vanoti, amai vangu, Lucy, mukoma wangu Hyrum naSamuel Harrison; nehanzvadzi yangu Sophronia.

8 Panguva iyoyi yekushingaira kukuru pfungwa yangu yakaiswa mukufunga kwakadzama nokusagadzikana kukuru; asi kana dai zvazvo pfungwa dzakange dzakadzama uye kazhinji dzichirwadza, zvakadarwo ndakaramba ndiri kure nemabato aya, kana dai zvazvo ndaipinda michechi yavo pandainge ndakwanisa. Mukufamba kwenguva pfungwa yangu yakave yarerekerwa kumaMethodist, uye

4d NKM Smith, Hyrum.

e NKM Smith, Samuel H.

5a Mat. 24:23.

6a NKM Gakava.

ndakanzwa kuda kuti dai ndabatana navo; asi kusawirirana nekunetsana pakati pemabato akasiyana-siyana aya kwakanga kwakura zvekuti zvakanga zvisingaite kuti kumunhu mudiki seni, uye asingazive zvevanhu nezvinhu, kuti angazive chaizvo kuti ari kugona ndeupi neari kutadza ndeupi.

9 Pfungwa yangu dzimwe nguva yaimutsiridzwa nekuchema nezhowe-zhowe rakanga rakura uye risingaperi. MaPresbyterian ndivo vainyanya kuramba zvemaBaptist nema-Methodist, uye vaishandisa masimba ose ekutaura nekungwara kuratidza kutadza kwavo, kana, kuti vanhu vafunge kuti varikutadza. Kune rumwe rutivi, maBaptist nema-Methodist pachavo vakanga vachida chaizvo zvakakwana mukuyedza kuti vamise nezvavo zvidzidziso nekuburitsa zvaikaipa zvevamwe vose.

10 Pakati pehondo yemazwi iyi nezhowe-zhowe rekusiyana, kwepfungwa, ndaigara ndichizviti: Chii chakafanirwa kuitwa? Nderipi pamabato ose aya “ririkugona; kana kuti ose arikukanganisa here pamwechete? Kana paine rimwe ririkugona, nderipi racho, uye ini ndichaziva sei?

11 Ndichishushikana nekuomerwa kwakaipa uko kwakonzwerwa nezvaitaurwa nemabato ekunamata aya, rimwe zuva ndakanga ndichiverenga Tsa-

mba yaJakobo, chitsauko chekutanga ndima diki yeshanu, inoti: *Kana paine mumwe wenyu asina ungaru, ngaakumbire kuna Mwari, avo vanopa kuvanhu vose zvakanwanda, uye asingatsunurire; uye huchapihwa kwaari.*

12 Hakuna chimwe chidimbu chemagwaro matsvene chakauya nesimba rakapamhidzirwa mumwoyo wemunhu kupfuura zvakaite ichi panguva iyi kumwoyo wangu. Chakaite sechiri kupinda nesimba guru mukunzwa kwose kwemwoyo wangu. Ndakafunga pamusoro pachoguva nenguva, ndichiziva kuti kana paine mumwe munhu aida ungaru kubva kuna Mwari, ndini; kuti ndoita sei handaiziva, uye kunze kwekunge ndawana humwe ungaru kupfura hwandaive nahwo ipapo, handaizombofa ndakaziva; nokuti vadzidzisi vekunamata vemapato akasiyana-siyana “vanzwisisa chidimbu chimwechetecho chemagwaro matsvene zvakasiyana zvekuti zvaiparadza ruvimbo rwose rwekugadzirisa mubvunzo nokuenda^b kuBhaibheri.

13 Nekufamba kwenguva ndakafunga kuti ndakafanira kugara ndiri murima mukukangaidzika, kana kuti ndakafanira kuita sekuraira kwaJakobo, kuti ndikumbire kuna Mwari. Neku-famba kwenguva ndakafunga kuti “ndikumbire kuna Mwari, ndikosvika pakuti kana achipa ungaru kune avo vasina

10a NKM Chokwadi.
12a I VaKori. 2:10–16.

b NKM Bhaibheri.
13a NKM Munamato.

ungwaru, uye achipa akafaranuka pasina kutsunurira, ndingangoyedza.

14 Saka, maererano nezvizvi, kushinga kwangu kuti ndikumbire kuna Mwari, ndakaenda kusango kunozviyedza. Akanga ari mangwanani ezuva rakana-ka, kusina makore mukutanga kwepfumvudza yegore remazana gumi nosere ane makumi maviri. Yaive nguva yekutanga muupenyu hwangu kuti ndiyedze, nokuti pakati pekushushikana kwangu kwose handina kumbenge ndakayedza “kunamata ndichidaidzira.

15 Mushure mekunge ndaenda kunzvimbo yandakanga ndaronga kuti ndiende, ndatarisa tarisa kwose, uye ndaona kuti ndiri ndega, ndakapfugama pasi uye ndikatanga kutaura zvido zvemwoyo vangu kuna Mwari. Ndichangotanga kudaro, pakarepo ndakabatwa nerimwe simba rakandikurira, uye rikandishamisa nokusunga rurimi rwangu zvekuti ndakatadza kutaura. Rima rakati ndoo rakandikomberedza, uye zvikaratidzika kwandiri kwechinguva sekunge ndakange ndatotongerwa kuparadzwa pakarepo.

16 Asi, ndichiisa simba rangu rose kuti “ndidaidze kuna Mwari kuti vandibvise simba remuvengi uyu rakanga randibata, uye pachinguva icho chandakanga ndati ndakundwa

uye kuti ndizviregere ndichiparadzwa—kwete kuparadzwa kwekufungidzira, asi kusimba remunhu chaiye aibva kunyika isingaonekwe, akange aine simba raishamisa randisina kumbenge ndakanzwa mune munhu upi zvake—ipapo pachinguva chekutya kukuru ndakaona murazvu ^bwechiyedza uri nechepamusoro pangu chaipo, uchipenya kupfuura kupenya ^ckwezuva, uyo wakadzika zvishoma nezvishoma kusvika wave pandiri.

17 Pasina nguva, ndakabva ndaona ndatobviswa pamuveni uyo akanga akandisunga. Chiedza pachakamira pandiri “ndakaona Vanhu ^bvaviri, avo kupenya kwavo ^cnekubwinya kwavo kunokunda tsananguro yose, vakamira nechepamusoro pangu mumhepo. Mumwe wavo akataura kwandiri, achindaidza nezita rangu uye akati achinongedzera kune mumwe—Uyu ^dMwanakomana Wangu ^eWandinoda. Munzwe!

18 Chinangwa changu pakuenenda “kunobvunza Ishe chaive chekuti ndizive kuti nderipi pamapato ose rechokadi, kuti ndizive rekupinda. Pandakangozvisimbisa, nokudaro, ndave kuziva zvandiri kutaura, ndakabva ndabvunza Vanhu ava vakanga vakamira vari nechepamusoro pangu muchiedza, nderipi pamapato ose

14a NKM Munamoto.

16a Mos. 1:20.

^b Mabasa 26:13.

^c Zvaka. 1:16.

17a NKM Kuratidzwa

(Chiratidzo).

^b Mabasa 7:55–56;

VaKoro. 3:1.

NKM Mwari, Musoro

hwehuMwari.

^c NKM Kubwinya.

^d NKM Jesu Kristu.

^e Mat. 3:17; 17:5;

3 Ni. 11:7.

18a D&Z 6:11; 46:7.

raive chokwadi (nokuti panguva iyoyi hazvina kumbenge zvapinda mumwoyo mangu kuti ose akatadza)—uye kuti nderipi rondopinda.

19 Ndakapindurwa kuti handifanire kupinda rimwe rawo, nokuti ose akanga “asiri chokwadi; uye Munhu akataura kwandiri akati zvitendero zvawo zvose zvaive zvinyangadzo mumaziso avo; kuti avo vadzidzisi vose vakanga vakaipa: “Zvekuti ^bvaiswedera pedyo neni nemiromo yavo, asi ^cmwoyo yavo iri kure neni, vanofundisa sedzidziso ^dmirairo yevanhu, iine ^emufananidzo wehumwari, asi vanoramba simba racho.”

20 Vakandirambidza zvakare kuti ndibatane nevapi zvavo; nezvimwe zvinhu zvizhinji zvakataura kwandiri, zvandisingagone kunyora panguva ino. Pandakapepuka zvakare, ndakaona ndakarara nemusana, ndakatarisa kudenga. Apo chiedza chakaenda, ndakanga ndisisina simba; asi nenguva diki ndati simbei, ndakaenda kumba. Uye zvakazendama nepanokuhwidzwa moto, amai vakabvunza kuti zvaita sei. Ndakapindura, “Musanetseke, zvose zvakana — Ndakasiimba zvikuru.” Zvino ndokubva ndati kuna amai vangu, “Ndzavzivira pachangu kuti maPre-

sbiterian haasi pachokwadi.” Zvakaita sezvinonzi “muvengi aiziva, pakutanga kweupenyu hwangu, kuti ndakanga ndakanzi ndichave mutadzisi, uye nemushatirisi; weumambo hwa-vo; nokuti sei masimba erima achindikutsirana? Sei ^bkundishora nekutambudzwa kwakavepo kurwisana neni, ndingati ndichiri kacheche?

Vamwe vaparidzi nevadzidzisi vechitendero vanoramba rungano rwangu rweChiratidzo, cheKutanga—Kushungurudzwa kunotutirwa pamusoro paJoseph Smith—Anopupura kuvepo kwechiratidzo. (Ndima diki 21 — 26.)

21 Mazuva mashomanana ndaona “chiratidzo ichi, ndakanga ndiri pamwechete nemumwe wevaparidzi veMethodist, akanga achishingaira kwazvo muchipata-pata rechitendero randambotaura; uye ndichitaura naye pamusoro penyaya yechitendero, ndakatora mukana wekuti ndimupe rungano rwechiratidzo chandakanga ndaona. Ndakashamiswa zvikuru nekuita kwake; haana kutora rungano urwu sechinhu chisina maturo chete, asi nekushora kukuru, achiti zvose zvaive zvadhiabhorosi, kuti hakuna zvinhu zvakaitika ^bsezviratidzo kana ^czvakarurwa mumazuva ano;

19a Mpi. 14.

nkm Kurasika pachitendero—Kurasika pachitendero kweChechi rekutanga rechiKristu.

b Isa. 29:13–14;

Ezk. 33:30–31.

c nkm Kurasika pachitendero—Kurasika pachitendero kwose kwose.

d Tito 1:14; D&Z 45:29.

e II Tim. 3:5.

20a nkm Dhiabhorosi.

b 2 Ni. 2:11;

D&Z 58:2–4.

nkm Matambudziko.

21a nkm Chiratidzo Chekutanga.

b nkm Kuratidzwa (Chiratidzo).

c nkm Zvakazarurwa.

kuti zvose zvinhu zvakadaro zvakaopera nevaapostori, uye nokuti hakuchazove nezvinhu zvakadaro zvakare.

22 Ndakaona nokukurumbidza, kuti kutaura kwangu rungano urwu kwakamutsiridza kushushikana kukuru kwekuvenga ini pakati pevadzidzisi vechitendero, uye kukave chikonzero “chekushungurudzwa kukuru, kwakaramba kuchikura; uye kana dai zvazvo ndakanga mukomana ^basingazivikanwe, ndiri pakati pegumi nemana uye negumi nemashanu emakore ekuberekwa, uye zvandaive muupenyu zviri zva-iita kuti ndive mukomana asingaverengwe munyika, asi vanhu vakuru vakuru vaizvitarisa zvekuti vaikwanisa kumutsa pfungwa dzeveruzhinji rwevanhu kuti vandivenge, uye zvaizvara kushungurudzwa kwakaipa uye zvaionekwa mumapato ose—ose akabatana kuti vanditambudze.

23 Zvakandikonzera kuti ndifunge zvakadzama, uye kazhinji, zvaishamisa sei kuti, mukomana asinganyanyozivikanwa, ainge achangodarika makore gumi nemana ekuberekwa, uye uyo, zvakare, akanga akaomerwa kuwana zvisomanana zvinomubatsira mukushanda kwake kwezuva nezuva, angafungwa semunhu akakosha zvakakwana kudaidza ruteero rwevanhu vakuru vakuru vemapato ainyanyo zivikanwa

mumazuva iyayo, uye mutsika yekuumba mavari mweya wekushungurudza kwakaipisisa nekunyomba. Asi kushamisa kana kusashamisa, ndizvo zvazvakanga zviri, uye ndizvo zvainyanyokonzera kusuwa kwakanyanya kwandiri.

24 Zvisinei nyangwezvazvo zvakadaro chaive chokwadi chekuti ndakanga ndaona chiratidzo. Ndakafunga kubvira ipapo, kuti ndakanzwa “saPauro, ^bpaakazvireverera pamberi paMambo Agripa, uye akanotsanangura rungano rwechiratidzo chaakanga aona paakaona chiedza uye akanzwa izwi; asi zvakadaro kwaive nevashoma vakamutenda; vamwe vakati haavimbike, vamwe vakati anopenga; uye akasekwa uye akatukwa. Asi zvose izvi hazvina kupaza kuvapo kwechiratidzo chake. Akanga aona chiratidzo, aiziva kuti akanga achiona, uye kwose kushungurudzwa kuri pasi pedenga hakwaigona kuzvishandura; uye kana dai vakamushungurudza kusvika mukufa, asi aiziva, uye aizoziva kusvika pamweya wake wekupedzisira, kuti akanga aona zvose chiedza uye akanzwa izwi richitaura kwaari, uye rose pasi haraigona kumuita kuti afunge kana kutenda zvisiri izvo.

25 Saka ndozvakanga zvakaिता kwandiri. Ndakanga ndaona zvechokwadi chiedza, uye pakati pechiedza ichocho ndakaona “Vanhu vaviri, uye

22a Jkb. 5:10–11.
NKM Kupfuvisa.
b I Sam. 16:7;

Aruma 37:35.
24a NKM Pauro.
b Mabasa 26:1–32.

25a Nh—JS 1:17.

zvechokwadi vakataura kwa-ndiri; uye kana dai zvazvo ndaivengwa uye nokushungurudzwa pamusana pekutaura kuti ndakaona chiratidzo, asi zvaive zvechokwadi; uye pavakanga vachindishungurudza, vachindituka, uye zvose vachitaura zvose zvakaipa pamusoro pangu vachinyepa, pamusana pezvandaitaura ndakanzwa mumwoyo mangu: Ko munondishungurudzirei pamusana pekutaura chokwadi? Ndakaona zvechokwadi chiratidzo; uye ndiri ani zvekuti ndingamisikidzane naMwari, kana sei nyika ichifunga kuti ndirambe uye chokwadi chandakona? nokuti ndakanga ndaona chiratidzo ndaizviziva; uye ndaiziva kuti Mwari vaizviziva, uye ^bhandaikwanisa kuzviramba, uye handaimbozviita; chandaiziva ndechekuti mukudaro ndaigumbura Mwari, uye ndobva ndauya pasi pekutongwa.

26 Zvino ndakanga ndaita kuti pfungwa yangu igutsikane, mune zvinhu zvenyika yemapato—kuti rakanga risiri basa rangu kuti ndibatane neripizvaro, asi kuti ndirambe ndiri zvandaive kusvika ndazorairwa zvakare. Ndakanga ndaona “uchapupu hwaJakobo kuti ndehwechokwadi—kuti munhu asina ungaru aigona kukumbira kuna Mwari, uye agwana, uye asingazokonorerwa.

Moronai anozviratidza kuna Joseph

Smith—Zita raJoseph richazivikanwa mune zvakanaka nezvakaipa mukati memarudzi ose—Moronai anomuudza nezveBhuku raMormoni nekuuya kwekutonga kwaIshe uye achitaura magwaro matsvene mazhinji—Nzvimbo yakavigwa mahwendefa egoridhe inoratidzwa—Moronai anoramba achidzidzisa Muporofita. (Ndima diki 27–54).

27 Ndakaramba ndichiita mabasa angu emazuva ose muupenyu kusvika musu wemakumi nemaviri nerimwechete wemwedzi waGunyana 1823 nguva yose ndichinetseka zvikuru nekushungurudzwa kukuru pamaoko evanhu vakasiyana-siyana vose vanonamata nevasinganamate, nokuti ndakaramba ndichitsinhira kuti ndakanga ndaona chiratidzo.

28 Munguva iyoyi yakange iri pakati penguva yandakaona chiratidzo uye mugore ra1823—ndiri ndakanga ndarambidzwa kubatana neripi zvaro bato rechitendero renguva iyoyo, uye ndiri ndakanga ndichiri wemakore mashoma-shoma, uye ndichishungurudzwa neavo vaifanira kunge vari shamwari dzangu uye nokundibata zvakanaka, uye kana vaifunga kuti ndakanyengedzwa kuti vainge vakaedza nenzira kwayo uye yerudo kuti vandidzore—ndakasiiwa kune ose marudzi “ezviyedzo; uye ndichisangana nevanhu vemhando dzose, nguva nenguva ndaiwira mu-

kukanganisa kwakapusa, uye ndichibva ndaratidza kusasi-mba kwehwana hudiki, uye ne-twunhu twusina maturo twuri muvanhu; itwo twandine hurombo kutwutaura, twakandiisa muzviyedzo zvakasiyana-siyana, zvinogumbura pamberi paMwari. Ndichiita ichi chireururo, hapana anofanira kundiona sendine mhosva yechitadzo chikuru kana chinokuvadza. Pfungwa yekuti nditadze zvakadaro haina kumbogara iri mandiri. Asi ndakanga ndiine mhosva yehunzenza, uye dzimwe nguva ndaifamba nevanhu vekufara, nevamwe vakadaro, izvo zvisiri zvinopindirana nekuita uko kunofanira kuchenge-tedzwa nemunhu ^bakadaidzwa naMwari sezvandakanga ndaitwa. Asi izvi hazvinga nyanyo shamisa sezvinoshamisa chaisvo kunaani anoyeuka hudiki hwangu, uye achiziva hunhu hwangu hwekufara.

29 Pamusana pezvinhu izvi, kazhinji ndainzwa ndiine mhosva yekusasimba nekusarurama kwangu; zvino mumanheru ezuva rataurwa rechimakumi maviri nerimwechete raGunya-na, mushure mekunge ndaenda kunorara, ndakazviisa “mukunamata uye nokunyengetedza Samasimba Mwari kuregererwa zvose zvitadzo nekukanganisa kwangu, uyewo nokuti ndiratidzwe ndigoziva zvandiri nekumira kwangu pamberi pavo;

nokuti ndakanga ndiine ruvimbo rwakakwana rwekuti ndichawana kuratidzwa kutsvene, sezvandakanga ndamboita.

30 Ndiri mukudaro kudaidza Mwari, ndakaona chiedza chichiuya mumba mangu, chakaramba chichiwanda kudakara muimba machena kupfuura masikati, pakarepo “munhu akaerekana avepo parutivi rwe-mubhedha wangu, amire mumhepo, nokuti tsoka dzake hadzina kutsika pasi.

31 Akanga akapfeka nguwo yakange ine “kuchena kwakanyanyisa zvikuru. Kwaive kuchenesesa kunopfuura kuchena kwechii zvacho chinhu chepanyika chandakanga ndati ndaona; zve handibvume kuti pane chinhu chenyeika chingaitwe kuti chiratidzike chakachena zvakapfurikidza nokupenya zvakadaro. Maoko ake akanga ari pachena kana nezvanza zvakewo zvishoma shoma pamusoro pechiziso cherwuoko, kana netsoka dzakewo dzakanga dziri pachena sezvakanga zvakaita makumbo ake, nechepamusoro pezviziso. Musoro nehuro yake zvakanga zviri pachena naizvowo. Ndaigona kuona kuti akanga asina dzimwe nhumbi kunze kwegemenzi, sezvo rakanga rakavhurika, zvekuti ndaigona kuona chipfuva chake.

32 Kwete kuti nguwo yake chete yakanga yakachenesesa zvikuru, asi iye wose akanga

28b NKM Akadaidzwa
naMwari.

29a NKM Munamoto.

30a NKM Ngirozi;
Moronai,
Mwanakomana

waMormoni.
31a Mabasa 10:30;
1 Ni. 8:5; 3 Ni. 11:8.

“achibwinyisisa zvisingatsanangurike, uye chiso chake chakaita ^bsemheni chaiyo. Muimba makapenya zvikuru asi kwete semapenyero aiita iye. Panda-katanga kumuona, ^cndakatya; asi kutya kwakakurumidza kundisiya.

33 Akandidaidza ^anezita, uye akati kwandiri akange arimutumwa atumwa kubva pamberi paMwari kwandiri, uye akati zita rake rainzi Moronai; kuti Mwari vakanga vaine basa rekuti ndiite; uye nokuti zita rangungu richave mune zvakanaka nezvakaipa pakati pamarudzi ose, nehama, nendimi kana kuti richave zvose zvakanaka nezvakaipa zvichataurwa pakati pevanhu vose.

34 Akati kwakange kuine ^abhuku rakarongedzwa, rakanyorwa pamahwendefa ^begoridhe, richipa rungano rwevaichigara munyika ino, nepavakabva. Akatiwo ^ckuzara kweVhangeri risingaperi kwaive mariri, sekupihwa kwarakaitwa neMuponesi kuvagari vekare;

35 Zvakare kuti maive nematombo maviri muuta hwe-sirivha — uye matombo aya, akasungirirwa ^apahwendefa rechipfuva, aiita chinodaidzwa

kuti ^bUrimi neTumimi — akaiswa pamwechete nemahwendefa uye kuve nematombo aya nekuashandisa ndiko kunoita ^a“vaoni” makare kare kana munguva dzakapfuura; uye kuti Mwari vakanga vaagadzirira kuti agoshandiswa basa rekududzira bhuku iri.

36 Mushure mekunditaurira zvinhu izvi akatanga kutaura zviporofita zveTestamente ^ayaKare. Akatanga ataura chidimbu chechitsauko chechitatu ^bchaMaraki; uye akataurawo chechina kana chitsauko chekupedzisira chechiporofita chimwechetecho, kana dai zvazvo akasiyanisa zvisihoma shoma kubva kumaverengero azvinoita mumaBhabheri edu. Kunze kwekutaura ndima diki yekutanga sekunyorwa kwayakaitwa mumabhuku edu, akaitaura sezvizvi:

37 *Nokuti tarisai, “zuva ririkuuya iro ^brichapisa sehovhoni, uye vose vano zvikudza, hongu, nevose vanoita zvakaipa vachatsva ^csemashanga; nokuti avo vachauya vachavapisa, vanodaro Ishe we-Hondo, kuti ichavasiya vasina mudzi kana bazi.*

38 Uye zvakare, akataura ndima diki yeshanu sezvizvi: *Tari-*

32a 3 Ni. 19:25.

NKM Kubwinya.

^b Eks. 34:29–35;

Hir. 5:36;

D&Z 110:3.

^c Eks. 3:6; Eta 3:6–8, 19.

33a Eks. 33:12, 17;

Isa. 45:3–4.

34a NKM Bhuku raMormoni.

^b NKM Mahwendefa eGoridhe.

^c NKM Kudzororwa pakare kweVhangeri.

35a Zvaka. 8:8.

NKM Chidzitiro chepachipfuva.

^b Eks. 28:30.

NKM Urimi neTumimi.

^c NKM Muoni.

36a NKM Testamente Yakare.

^b NKM Maraki.

37a NKM Kuuya

Kwechipiri kwaJesu Kristu.

^b 3 Ni. 25:1–6;

D&Z 64:23–24.

NKM Pasi—Kusukwa

kwepasi pano;

Nyika—Kuguma

kwenyika.

^c Nah. 1:8–10;

1 Ni. 22:15, 23;

2 Ni. 26:4–6;

D&Z 29:9.

sai, ndicharatidza kwauri ^aHupirisita, neruoko ^brwaErija muporofita, risati rauya zuva guru uye rinotyisa raIshe.

39 Uye akataurawo ndima diki yaitevera zvakasiyana: Uye achadyara mumwoyo yevana ^azvimvimo zvakaitwa kumadzibaba, uye mwoyo yevana ^bichatendeukira kumadzibaba avo. Dai zvakange zvisizvo, pasi pose painge paparadzwa chose pakuuya kwavo.

40 Pamusoro pazvo, akataura chitsauko chegumi nechimwechete chalsaya, achiti kuti zvave pedyo nokuzadzikiswa. Akataurawo chitsauko chechitatu cheMabasa aVaapositori, ndima diki dzechimakumi maviri nembiri neye makumi maviri nenhata, chaizvo sezvadzakaita muTestamente Itsva yedu. Akati kuti iyeyo ^amuporofita ndiKristu; asi zuva rakanga risati rauya apo ^aavo vasingade kunzwa izwi rake vanofanira ^bkubviswa kubva mukati mevandu, asi zvino riri kuuya.

41 Akataurawo chitsauko chechipiri ^achaJoere, kubvira pandima diki yemakumi maviri nesere kusvika kwekupedzisira. Akatiwo izvi hazvisati zvazadzikiswa, asi zvakanga zvave pedyo. Uye akataura zvakare kuti kuzara ^bkumaJentairi kwakange kwave pedyo kuuya. Akataura dzimwe ndima dzakawanda dzemagwaro ma-

tsvene, uye akapa tsananguro zhinji idzo dzisingagone kutaurwa pano.

42 Zvakare akandiudza, kuti kana ndazotora mahwendefa ayo aakanga ataura nezvawo—nekuti nguva yekuti atorwe yakanga isati yazadzikiswa—handaifanira kuratidza kune mumwe munhu kana hwendefa repachipfuva rine Urimi neTumimi; kunze kwekune avo vandichaudzwa kuti ndivaratidze; kana ndikazviratidza kune vamwe ndaizo paradzwa. Achinguno kurukura neni nezve mahwendefa, chiratidzo chakarurwa ^akupfungwa dzangu zvekuti ndaigona kuona nzvimbo yakanga yakavigwa mahwendefa, uye zvakanyatsojeka uye zviri pachena zvekuti ndakaziva nzvimbo iyi zvakare pandakaishanyira.

43 Mushure mekutaaurirana uku, ndakaona chiedza mumba kutanga kuungana pamunhu uyo akange achitaura kwandiri, uye chakaramba chichidaro kudzamara imba yave murima zvakare, kunze kwepaakange ari iye, zvino pakarepo ndakaona, sekunge kagwanza ravhurika kachienda kudenga, uye iye akakwira kudzimara asisonekwe, uye mumupanda makasara makaita zvamakange makaita ichi chiyedza chekudenga chisati chauya.

38a NKM Kiyi
dzeHupirisita;
Hupirisita.
b D&Z 27:9; 110:13–16.
NKM Erija.
39a VaG. 3:8, 19.

b NKM Nhoroono
yezvizvarwa;
Ruponeso rweVakafa.
40a Deut. 18:15–19.
b 3 Ni. 20:23; 21:20.
41a Mabasa 2:16–21.

b VaR. 11:11–25;
D&Z 88:84.
NKM Majentairi.
42a NKM Pfungwa.

44 Ndakazvambarara ndichifungisisa nekushamiswa nezvakanga zvaitika, uye ndichishamiswa zvikuru nezvakanga zvataurwa kwandiri nemutumwa anoshamiswa uyu; zvino pakati “pekufunga kwangu, ndakaona kuti imba yangu yakanga yave kutanga zvakare kujekeswa, nechinguvana, sekunge, mutumwa wekudenga mumwecheteo akange ave parutivi pemubhedha wangu zvakare.

45 Akatanga, uye zvakare akarondedzera zvinhu zvimwechetezvo izvo zvaakanga aita pakushanya kwake kwekutanga, pasina kana kupesana kudiki diki; adaro akandiudza nezvekutongwa kukuru uko kwakange kuchiuya pamusoro penyika, kune kuparadza kukuru nenzara, munondo, nezvirwere; uye kuti kutongwa kunosuwisa uku kwazouya panyika muchizvarwa chino. Arondezera zvinhu izvi, akakwira zvakare sezvaakanga amboita.

46 Nenguva iyi, zvakanga zvanysatsodzika mupfungwa mangu, zvekuti hope dzakanga dzatiza mumaziso angu, uye ndakarara ndikashaya zvekuita nokushamiswa nezvandakanga ndaona uye nokunzwa. Asi chakandishamiswa pandakaona zvakare mutumwa mumwecheteyo parutivi pemubhedha wangu, uye ndokumunzwa achitaura kana kudzokorora kwandiri zvakare zvinhu zvimwechetezvo sekare; uye ndokubva apa-

mhidzira yambiro kwandiri, achindiudza kuti “Satani achayedza ^bkundiyedza (pamusana pehurombo hwemhuri yababa vangu), kutora mahwendefa nechinangwa chekuti ndipfume. Izvi akandirambidza, achiti handifanire kuti ndive nechimwe chinangwa mupfungwa mukutora mahwendefa asi kurumbidza Mwari, nokuti handaifanira kurunzirwa neimwe ‘pfungwa kunze zvikaita neimwenzira handaikwanisa kua-tora kwekuvaka umambo hwa-ke; nokuti handingazoatora.

47 Mushure mekushanyirwa kechitatu aka, akakwira zvakare kudenga sepakutanga, uye ndikasiwa zvakare kuti ndifungisise nepamusoro pekushamiswa kwezvandakanga ndaona; zvino ipapo mushure mekukwira kwemutumwa wekudenga achibva pandiri kwenguva yechitatu, jongwe rakarira, uye ndikaona kuti kunze kwange kwave kuyedza, saka hurukuro dzedu dzakafanira kunge dzakatora husiku hwose.

48 Mushure mechinguva ndakamuka pamubhedha pangu, semazuva ose, ndikaenda kumabasa aifanirwa kuitwa ezuva iroro; asi mukuyedza kushanda sezvandaiita dzimwe nguva, ndakawana ndapera simba zvekuti ndakatadza kushanda chizvo. Baba vangu, avo vakanga vachishanda pamwechete neni, vakaona kuti paive nechimwe chinhu chakanga chisina kuna-

44a NKM Fungisisa.

46a NKM Dhiabhorosi.

b NKM Chiedzo.

c D&Z 121:37.

ka paneni, uye vakanditaurira kuti ndiende kumba. Ndakatanganga pfungwa yangu iri pakuda kuenda kumba; asi, mukuyedza kudarika ruzhowa ndichibva mumunda umo matakanga tiri, simba rangu rakaramba zvachose, uye ndikawira pasi zvisingayamure, uye kwechinguva hapana chandaiziva.

49 Chinhu chekutanga chandiri kuyeuka izwi raitaura kwandiri richindidaidza nezita. Ndakatarisa kumusoro, uye ndikaona mutumwa mumwechete iyeyo amire kumusoro kwangu, akatenderedzwa nechiyedza sekare. Akadzokerera zvakare zvose zvaakanga anditaurira husiku hwapfuura, uye ndokundiudza kuti ndiende kuna ^ababa vangu uye ndinovataurira nezvechiratidzo nemirairo yandakanga ndagashira.

50 Ndakateerera; ndakadzokera kumunda kuna baba vangu, uye ndikavatsanangurira yose nyaya kwavari. Vakapindura kwandiri kuti zvakanga zvirizvaMwari, uye vakandiudza kuti ndinoita sezvandakanga ndaudzwa nemutumwa. Ndakabva kumunda, uye ndikaeenda kunzvimbo yandakanga ndaudzwa nemutumwa kuti ndiko kwakange kwakaiswa mahwendefa; uye pamusana pekujeka kwechiratidzo chandakanga ndaona nezvawo, ndakabvandaziva nzvimbo kusvika kwandakangoitapo.

51 Pedyo nemusha weManchester, muruwa rweOntario, mudunhu reNew York, mune ^achikomo chikuru chaizvo, uye chakareba kupfuura zvose munharaunda iyoyo. Kumadokero kwechikomo ichi, kwetekure nepamusoro pachu, pasi pezibwe guru chaizvo, ndipo paive nemahwendefa, akaiswa muchibhokisi chematombo. Ibwe iri rakanga riri gobvu uye rakatundumara pakati paro nechepamusoro, uye riri detekunhivi, zvaiita kuti pakati paro paonekwe pamusoro pevhu, asi nhivi dzose dzakanga dzakafusirwa nevhu.

52 Ndabvisa ivhu, ndakatora chokupikunyurisa, chandakaisa nechepasi pebwe iri, uye ndisingaite nesimba ndakarisisumudzira mudenga. Ndakatarisa mukati, uye imomo chokwadi ndakaona ^amahwendefa, ^bUrimi neTumimi, ^cnehwendefa repachipfuva, sekutaurwa kwazvakaitwa nemutumwa. Mubhokisi maakanga ari rakaitwa nokuisa matombo pamwechete mune zvainge simende. Pasi pebhokisi pakanga pakaiswa matombo maviri akachinjika bhokisi, uye pamusoro pematombo aya ndipo pakanga paine mahwendefa nezvimwe zvinhu pamwechete nawo.

53 Ndakayedza kuaburitsa, asi ndakarambidzwa nemutumwa uya, uye ndikataurirwa zvakare kuti nguva yekuaburitsa

49a NKM Smith,
Joseph, Baba.
51a NKM Kumora,
Chikomo.

52a Morm. 6:6.
NKM Mahwendefa
eGoridhe.
b NKM Urimi neTumimi.

c NKM Chidzitiro
chepachipfuva.

yakanga isati yasvika, yakanga isingazosvika kusvika kwapeera makore mana kubva panguva iyoyo; asi akandiudza kuti ndaifanira kuuya kunzvimbo iyi mushure megore rimwechete kubvira panguva iyoyo, uye akati aizosangana neni ipapo, uye akati ndaifanira kuramba ndichidaro kusvika nguva yauya yekuwana mahwendefa.

54 Saizvozvo, sekutaurirwa kwandakanga ndaitwa, ndaienda mukopera kwegore rega-rega, uye panguva yege-yega ndaiwana mutumwa mumwecheteyo aripo, uye ndichigashira mirairo neruzivo kubva kwaari pahurukuro yega-yega yataiita, maererano nezvaizoitwa naIshe, uye nokuti maitiro netsika ipi ichatungamirwa nayo “umambo hwake mumazuva ekupedzisira.

Joseph Smith anochata naEmma Hale — Anogashira mahwendefa egoridhe kubva kuna Moronai uye anodudzira mamwe emavara acho — Martin Harris anoratidza mavara uye nekududzisa kwacho kune Mudzidzisi Mukuru Anthon, anobva ati, “Handigone kuverenga bhuku rakanamwa.” (Ndima diki 55–65.)

55 Sezvo baba vangu vakanga vasina zvavainazvo zvemunyika, zvaitofanira kuti tigare tichishanda nemaoko edu, tichitorwa kuenda kumaricho nezvimwewo, patinenge tangowana mukana. Dzimwe

nguva tainge tiri pamba, uye dzimwe nguva tiri kumwe uye nokugara tichishanda takakanwanisa kuwana kuzviriritira kwakanaka.

56 Mugore re1823 mhuri yababa vangu yakasangana nedambudziko guru nerufu rwemukoma wangu mukuru “Alvin. Mumwedzi waGumiguru, mugore ra1825, ndakapinda pabasa kumudhara ainzi Josiah Stool, aigara muRuwa rweChenango, Dunhu reNew York. Akanga akanzwa nezvemugodhi wesirivha wakanga wavhurwa vanhu vechiSipanishi muHarmony, muruwa rweSusquehanna, Dunhu rePennsylvania; uye akange asati anditora ini, ambenge achachera, kuti kana zwichibvira, awane pane mugodhi. Mushure mekunge ndaenda kunogara naye, akanditora, nevamwe vose vaimushandira, kuti tinochera pamugodhi wesirivha, apo pandakagara kwemwedzi, pasina kubudirira mune zvataiita, pekupedzisira ndakaita kuti mudhara abvume kuti timise kuchera tichitsvaga. Ndipo pakabva rungano rwekuti ndaive mucheri wemari.

57 Munguva yandakanga ndakapinda basa kudaro, ndakaiswa kuti ndinogara navalsaac Hale, wepanzvimbo iyoyo; ndipo pandakatanga kuona mukadzi wangu (mwanasikana wake), “Emma Hale. Musi wa18 Ndira, 1827, takachata, ndichiri kushandira vaStool.

54a NKM Umambo
hwaMwari kana
Umambo

hweKudenga.
56a D&Z 137:5–8.
57a NKM Smith,

Emma Hale.

58 Pamusana pekuramba kwangu ndichiti ndakaona chiratidzo, “kushungurudzwa kwakaramba kuchinditevera, uye mhuri yababa vemukadzi wangu vakanga vachiramba chizvo kuti tichate. Ndakaona, naizvozvo, zvakafanira kuti nditoenda naye kumwe; saka takaenda tikanochatiswa kumba kwachangamire Squire Tarbill, muSouth Bainbridge, Ruwa rweChenango, New York. Ndi-changobva mukuchata kwangu, ndakasiya basa kwavaStoal, uye ndakaenda kwababa vangu ndikarima navo mwaka iwoyo.

59 Mushure menguva nguva yakasvika yekuwana mahwendefa, Urimi neTumimi, nehwendefa repachipfuva. Musi wechimakumi maviri nemazuva maviri emwedzi waGunya-na, gore rechiuru chinemazana masere nemakore makumi maviri nemanomwe, ndakaenda senguva dzose mushure merimwe gore kunzvimbo iye yaakanga akaiswa, mumwecheteyo mutumwa wekudenga akandipa kwandiri nemurairo uyu: kuti ndinofanira kuti ave mumaoko angu; kuti ndikaarega achienda pasina hanya, kana “nekusachenjera kwangu, ndichabviswa; asi kuti kana ndikashandisa kuyedza kwangu kwose ^bkuachengetedza, kusvika iye, mutumwa auya kuzoatora, anofanira kudzivirirwa.

60 Ndakaona nokukurumidza chikonzero chandakanga ndapi-

riwa mitemo yakaoma kudaro kuti ndiachengetedze zvakana-ka, nechikonzero chaita kuti mutumwa ataure kuti kana ndaita zvaidiwa mumaoko angu, aizouya kuzoatora. Nokuti pazvakangozivikanwa chete kuti ndinawo, vanhu vakayedza nesimba ravo rose kuti vaatore kubva kwandiri. Rose zano raikwaniswa kufungwa rakatorwa rikashandiswa. Kushungurudzwa kwanyanya kuvapo uye kurwadza kupfuura zvekare, uye vanhu vazhinji vaigara vakangomirira kuatora kubva kwandiri kana zvakavira. Asi neungwaru hwaMwari, haana chakaawana mumaoko angu, kusvika ndapedza nawo zvaidiwa kwandiri. Pakauya mutumwa, maererano nehurongwa, achizoatora, ndakapa kwaari; uye anawo pasi pake kusvika zuva rino, riri zuva rechipiri raChivabvu, gore rechiuru nemazana masere ane makumi matatu nemasere.

61 Chipata-pata, zvisinei chakaramba chiripo, uye runyerekupe nechuru chendimi dzarwo nguva yose rwaishandiswa kufambisa nhema nezve mhuri yababa vangu, nezvangu. Dai ndaitaura kachidimbu kadiki kazvo, ndaizadza mabhuku nemabhuku. Kushungurudzwa, zvakadaro kwakaipa zvekuti ndakaona zvakafanira kuti ndibve muManchester, uye ndichienda nemukadzi wangu kuruwa rweSusquehanna, muDunhu

58a NKM Kupfuvisa.

59a Nh—JS 1:42.

^b NKM Magwaro

matsvene—Magwaro

matsvene anofanira

kuchengetedzwa.

rePennsylvania. Tichigadzirira kutanga—tiri varombo chaivo, uye kushungurudzwa kuchitiremera zvekuti pakanga pasina mukana wekuita chimwe chinhu—pakati pematambudziko edu, takawana shamwari murume ainzi “Martin Harris, akauya kwatiri uye akandipa makumi mashanu amadhora kutiyamura murwendo rwedu. VaHarris vaive mugari wemuPalmyra, ruwa rweWayne, muDunhu reNew York, uye vari murimi aikudzwa.

62 Nerubatsiro urwu rwakauya nguva yakanaka, ndakave nokukwanisa kuti ndisvike kwandaienda kuPennsylvania; ndichisvika ndakabva ndatanga kunyora mavara kubva pamahwendefa. Ndadakanyora akawanda chaizvo, kuburidiza “neUrimu neTumimi ndikadzira mamwe acho, izvo zvandakaita pakati penguva yandakasvika pamba pababa vemukadzi wangu, mumwedzi weZvita, nemwedzi weKukadzi aitevera.

63 Pane imwe nguva mumwedzi uyu waKukadzi, vandambo-
 reva vaMartin Harris vakauya kumba kwedu, ndokutora mavara andakanga ndanyora kubva pamahwendefa, uye ndokuenda nawo kuguta reNew York. Panezvakaatika, maerera-
 no naye nemavara, ndinoenda kune zvaakataura iye, sekutsa-
 nangura kwaakazviita kwandiri mushure mekudzoka kwake, kwakanga kwakaita sezvizvi:

64 “Ndakaenda kuguta reNew York, uye ndokunoratidza mavara akanga adudzirwa, nedudziro yacho, kune Mudzidzisi Mukuru Charles Anthon, murume aizivikanwa kwazvo pamusana pekufunda kwake. Mudzidzisi Mukuru Anthon akati iye dudziro yacho yaive chaiyo, kupfuura dzose dzaakanga akamboona dzakadudzirwa kubva kuchiEgipita. Zvino ndakamuratidza ayo akanga asati adudzirwa, uye akati ndeechiEgipita, chiKardea, nechiAsiria, nechiArabi; uye akati mavara acho chaiwo echokwadi. Akandipa gwaro, raitsigira kuvanhu vePalmyra kuti mavara aive echokwadi, uye nokutiwo kududzira kwe-
 ayo adudzirwa kwakanga kuri iko chaiko. Ndakatora gwaro ndikariisa muhomwe mangu, uye ndakanga ndave kutobuda mumba umu, apo pakabva vaAnthon vandidaidza kuti ndidzoke, uye ndokundibvunza kuti mukomana uyu akanga aziva sei kuti kune mahwendefa egoridhe munzvimbo yaakawana. Ndakamupindura kuti ngirozi yaMwari yakaaratidza kwaari.

65 “Ndokubva ati kwandiri, ‘Ndipe ndione gwaro riya.’ Ndakariburitsa muhomwe mangu uye ndikaripa kwaari, paakabva aritora akaribvarura-bvarura, achiti hakusisina chinhu chakadaro zvino chekushandirwa “nengirozi, uye akati

61a D&Z 5:1.
 NKM Harris, Martin.

62a NKM Urimu
 neTumimi.

65a NKM Ngirozi.

kana dai ndaunza mahwendefa aya kwaari aizo adudzira. Ndakamutaurira kuti chimwe chikamu chemahwendefa aya ^bchakanamwa, uye nokuti ndinorambidzwa kuaunza. Akapindura achiti, ‘Handikwanise kuverenga bhuku rakanamwa.’ Ndakamusiya ndikaenda kuna Chiremba Mitchell, uyo akatsigira zvakanga zvataurwa neMudzidzisi Anthon maererano nezvose mavara nekududzira kwacho.”

. . . .

Oliver Cowdery anoshanda semunyori mukududzira Bhuku raMormoni—Joseph naOliver vanogashira Hupirisita hwaAroni kubva kuna Johane Mubapatidzi—Vanobhabhatidzwa, nokugadzwa, uye nokugashira mweya wechipo-rofita. (Ndima diki 66–75.)

66 Muzuva rechishanu raKubvumbi, 1829, “Oliver Cowdery akauya kumba kwangu kusvika panguva iyi handina kumbenge ndakamuona. Akataura kwandiri kuti ange achidzidzisa muchikoro chiri munharaunda iyo yaigara baba vangu, uye baba vangu semumwe weavo vaitumira vana kuchikoro ichi, akaenda kundogara navo kwechinguva kumba kwavo, uye ariko mhuri yakamutaurira mapirwo andakanga ndaitwa

mahwendefa, uye nokudaro iye akanga auya kuzondibvunza nezvawo.

67 Kwapera mazuva maviri mushure mekusvika kwaVa-Cowdery (uri musu wa7 Kubvumbi) ndakatangisa kududzira Bhuku raMormoni, uye iye akatanga kundinyorera.

. . . .

68 Takaramba tichiita basa rekududzira, apo, mumwedzi waitevera (Chivabvu, 1829), isu mune rimwe zuva takaenda murugwezha kunonamata nokubvunza kuna Ishe pamusoro “perubhabhatidzo ^brwekuregererwa kwezvivi, urwo rwatakawana rwuchitaurwa mukududzira mahwendefa. Tirimukuita kudaro tichinamata nokudaidza kuna Ishe, ‘mutumwa akabva kudenga akadzika ari ^dmugore rechiedza, uye mushure mekugadza ^emaoko ake patiri, ^fakati-gadza achiti:

69 Pamuri vamwe vangu vanda, muzita raMesia, ndinokugadzai “Hupirisita hwaAroni, uhwo hune kiyi dzekushumira kwengirozi, uye nezve vhangeri rekutendeka, uye nerubhabhatidzo rwekunyikwa mumvura kubviswa zvivi; uye uhu hauchazotorwa zvakare kubva panyika kusvika vanakomana ^bvaRevi vapira zvakare mupiro kuna Ishe mukururama.

65b Isa. 29:11–12;
2 Ni. 27:10;
Eta 4:4–7.

66a NKM Cowdery,
Oliver.

68a NKM Bhabhatidza.
^b NKM Kuregererwa
kweZvitadzo.

^c NKM Johane
Mubapatidzi.

^d Num. 11:25;
Eta 2:4–5, 14;
D&Z 34:7.

^e Mis. yeCh. 5.
NKM Maoko,
Kugadzwa kwe.

^f NKM Mvumo; Gadza.
69a NKM Hupirisita
hwaAroni.

^b Deut. 10:8;
D&Z 13; 124:39.
NKM Revi—Rudzi
rwaRevi.

70 Akati Hupirisita hwaAroni uhu hauna simba rekugadza maoko kuti munhu awane “chipo cheMweya Mutsvene, asi kuti izvi zvichapihwa kwatiri pamberi; uye akatiudza kuti tiende tinobhabhatidzwa, uye akatiraira kuti ndinofanira kubhabhatidza Oliver Cowdery, uye mushure iye azondibhabhatidza.

71 Nokudaro takaenda uye tikabhabhatidzwa. Ini ndakamubhabhatidza kutanga, uye mushure akandibhabhatidza— uye mushure mezvo ndakagadza maoko angu pamusoro pake uye ndikamugadza Hupirisita hwaAroni, uye mushure iye akagadza maoko ake pandiri uye akandigadza Hupirisita hwumwechetewo—nokuti ndizvo zvatanga taudzwa.*

72 Mutumwa akatishanyira panguva iyi uye akatipa Hupirisita uhu, akati zita rake ndi-

Johane, iyeyo mumwechete ainzi “Johane Mubapatidzi muTestamente Itsva, uye akati aita izvi arairwa ^bnaPetro, ^cJakobo ^anaJohane, avo vakanga vaine ^ekiyi dzeHupirisita wa ^fMerki-zedeki, huri Hupirisita akadaro, munguva yahwo huchapihwa kwavari, uye nokuti ini ndinofanira kudaidza kunzi ^gGosa rekutanga reChechi, uye iye (Oliver Cowdery) ove wechipiri. Raive zuva regumi neshanu remwedzi weChivabvu, 1829, iro ratakagadzwa pasi peruoko rwemutumwa uyu, uye tika-bva tabhabhatidzwa.

73 Pakarepo tichibuda mumvura mushure mekunge tabhabhatidzwa, takaona maropafadzo makuru anobwinya kubva kuna Baba vedu Vekudenga. Ndichingo bhabhatidza Oliver Cowdery, Mweya ^aMutsvene uchibva wawira paari, uye akasimuka uye ^bakaporofita

* Oliver Cowdery anotsanangura zvakaitika izvi achiti: “Aya aiva mazuva asingafe akakanganikwa—kugara pasi pekunzwa izwi raitaurirwa nekufemerwa kwedenga, kwakamutsa kutenda kukuru-kuru kwechipfuva chino! Zuva nezuva ndakarambandichishanda ndisingakanganiswe, ndichinyora zvaibva mumuromo wake, zvaaidudzira neUrimi neTumimi, kana kuti sekutaura kwemaNifai, ‘Vaturikiri’ nhoroondo kana zvinyorwa zvinonzi ‘Bhuku raMormoni.’

“Kutaura kana nemazwi mashoma-shoma, nyaya inonakidza yakapihwa naMormoni nemwanakomana wake anotendeka, Moronai, yevanhu vaimbodiwa uye vachiitirwa zvakana nedenga, zvingatore zvandiri kufunga iye zvino; ndichamboisa parutivi iyezvino kuti ndigozoita pane imwe nguva, uye sekutaura kwandaita muchisumo, pfuurira kune zvimwe zvakaitika zviri pedyo nokusimuka kweChechi ino, zvingave zvinganakidze kune zvimwe zviuru izvo

70a NKM Chipoch
cheMweya Mutsvene.

72a NKM Johane
Mubapatidzi.
b D&Z 27:12–13.
NKM Petro.
c NKM Jakobo,

Mwanakomana
waZebedi.

d NKM Johane,
Mwanakomana
waZebedi.

e NKM Kiyi
dzeHupirisita.

f NKM Hupirisita
hwaMerkizedeki.

g NKM Gosa.
73a NKM Mweya
Mutsvene.

b NKM Huporofita.

zvinhu zvizhinji izvo zvakange zvichizoitika muchinguva chidiki chaitevera. Uye zvakare, ndichangobhabhatidzwa naye, neniwo ndakave ndmweya wehuporofita apo, ndichisimuka, ndakaporofita nezvekumuka kweChechi ino, nezvimwe zvinhu zvakawanda zvirima maererano neChechi ino, nezvezvizvarwa zvino zvevana vevanhu. Takazadzwa neMweya Mutsvene, uye tikafara muna Mwari weruponeso rwedu.

74 Pfungwa dzedu zvino dzakajekeswa, takatanga kuona magwaro matsvene azarurwa kuti “tanzwisise, nezvaanoreva^b zvechokwadi nechinangwa chezvakananyanya kuvanzika zvidimbu zve magwaro matsvene, zvakararatidzwa kwatiri nemutowo watakanga tisingagone kusvika kare, kana kuifunga hatina kunge tamboifunga. Kwenguva iyoyo takamaniki-

dzwa kusataura zvakanga zvaitika kuti tizogashira Hupirisita, uye nokubhabhatidzwa kwatakanga taitwa, pamusana pemweya wekushungurudzwa uyo wakange wabuda wega munharaunda.

75 Taigara tichida kurwiswa nechikwata zvevanhu, nguva nenguva, uye izvozvi, nevadzidzisiwo vakuru vechitendero. Uye kuda kwavo kutirwisa nemhomho kwakatadziswa chete nokuda kwemhuri yababa vemukadzi wangu (nokuita kutsvene), avo vakanga vashamwaridzana neni, uye vakanga vasingade mhomo uye vachida kuti ndibvumirwe kuti ndirambe ndichiita basa rekududzira ndisingakanganiswe; uye nokudaro vakandipa uye vakativimbisa kutidzivirira kune zvose zvisiri mumutemo, sesi-mba ravaive naro.

zvakaabuda pachena, mukati metsamwa dzevasingade kunzwa zvevamwe nehema dzevanyengedzi, uye nokugamuchira Vhangeri raKristu.

“Hapana munhu, ane pfungwa dzakanyatsogadzikama, aigona kududzira nekunyora mirairo yakapihwa kuna Nifai kubva pamuro mo weMuponesi, nemutowo chaiyo wakafanira kuitwa nevanhu mukuvaka Chechi Yavo, uye kunyanya apo huori zvawakanga hwapararira uye nekusaziva kwezvinhu netsika dzaitwa pakati pevanhu, pasina aida kuwana mukana wekuratidza chido chemwoyo nokuvigwa muguva remvura, kupindura pfungwa yakanaka nokumuka kuvakafa kwaJesu Kristu.’

“Mushure mekunge nyaya yakapihwa pamusoro pemharidzo yeMuponesi kune vakasara vembe yaJakobho, munyika ino zvakanga zvirima nyore kuona, sekutaura kwakaita muporofita kuti zvichave, kuti rima rakaputira nyika uye rima rikanyanya rikaputira pfungwa dzevanhu. Pakufunga zvakare zvakanga zvirima nyore kuona kuti pakati pekunetsana kukuru uye nemhere-mhere pamusoro pezvechitendero, hapana akanga aine mvumo kubva kuna Mwari yekuita zvisungo zveVhangeri. Nokuti mubvunzo ungangobvunza vanhu vanemvumo here yekushanda muzita raKristu, vanoramba zvakarururwa, ihwo uchapupu Hwavo husina kusiyana nemweya wehuporofita, uye kunamata Kwavo kuri maererano, kwakavakirwa uye nokutsigirwa nezvakazarurwa, zvirima kuma zera ose enyika panguva dzose

dzavanenge vaine vanhu pasi pano? Dai zvechokwadi izwi zvakavigwa, uye zvakanyatsofuserwa nevanhu avo basa ravo rainge raive mungozi kana zvainge zvazobuda pachena kuvanhu, nokuti zvainge zvisisina kuvanzika kwatiri; uye isu tainge tangomirira kuti tipihwe izwi rekuti 'Simukai uye mubhabhatidzwe.'

"Izwi hazvina kutora nguva huru zvisati zvaoneka. Ishe, avo vakapfuma mutsitsi, uye vari vanogara vachida kupindura munamato unogara uripo wevakazvininipisa, mushure mekunge tadaidza kwavari nokuchema nemutowo kwawo, kure nedzimba dzevanhu, vakabvuma kuisa pachena chido chavo kwatiri. Pakarepo, sekunge zvabva kokusingapere, izwi reMununuri rakataura runyararo kwatiri, apo chidzitiro chakambobviswa uye ngirozi yaMwari ikadzika yakashongedzwa nekubwinya, uye ikapa mashoko akange akatarisirwa zvikuru, uye nekiyi dzeVhangeri rekutendeuka. Mufaro here! chishamiso here! kushamisa here! Nyika ichitambudzwa nokurasiswa — zviuru nezviuru zvichitsvanzvadzira semapofu kutsvaka madziro, uye vanhu vose vakatsamira pane chavasingazive, uye takawanda kudaro, maziso edu akaona, nzeve dzedu dzikanzwa, 'semukupisa kwezuvu; hongu, zvakawanda — kupfuura kupenya kwezuvu raChivabvu, iro rakabva raparadzira kupenya kwaro pamusoro penyika! Ipapo izwi rayo, kana dai zva-zvo rakanga rakapfava, rakabaya kusvika pakati, uye mazwi ake, 'Ndiri muranda mumwe wako,' akabvisa kose kutya. Takateera, tikatarisa, takayeva! Raive izwi rengirozi yaibva mukubwinya, aive mashoko aibva kune Wepamusoro-soro! Uye zvatakanzwa takafara, apo rudo Rwake rwaibvira pamweya yedu, uye takaputirwa muchiratidzo chaSamasimba! Nzvimbo yekukahadzika yaivepi apa? Hapana; kusatendeseka kwakatiza, kukahadzika kwakanga kwanyura zvekusazobuda zvakare, kufungidzira nokunyengedza kwakanga kwatiza zvachose!

"Asi, hama yangu inodiwa, funga, imbofunga zvakare kwechinguva kuti mufaroyi wakazadza mwoyo yedu, uye nokuti takashamiswa zvakadii zvekuti takapfugama, (nokuti ndiani angadai asina kupfugamira nebvi maropafadzo akadai?) apa patakagashira muruoko rwake Hupirisita Hutsvene iye achiti, 'Pamuri varanda-biyangu, muzita raMesia, ndinoisa Hupirisita uhu nemvumo iyi, izvo zvichagara panyika, kuti Vanakomana vaRevi vangapire mupiro kuna Ishe mukururama!'

"Handichaedza kuratidza kwamuri zviri mumwoyo uno, kana runako rwehushu nekubwinya kwange kwakatikomberedza panguva ino; asi muchabvumirana neni pandichati, kuti nyika, kana vanhu, nokudzidzisa kwenguva, havagone kutanga kushongedza kutaura kwavo netsika inonakidza uye inotunha seyemunhu mutsvene uyu. Kwete; kana nyika ino haina simba rekupa mufaro kudzorera runyararo, kana kunzwisisa ungaru hwakanga huri muchinyorwa cherega cherega zvaitaurwa nesimba reMweya Mutsvene! Munhu anganyengedze mumwe wake, kunyengedza kungatevere kunyengedza, uye vana vewakaipa vanogona kuve nesimba kufurira vakapusa nevasina kudzidziswa, kusvika hameno asi kuvazhinji, uye muchero wenhema unotakura nesimba rawo vakapusa kusvika kuguva; asi kubatwa kamwechete-chete nemumwe werudo rwake, hongu, muranzi mumwechete wekubwinya kubva iri pamusoro kana izwi rimwechete kubva mumuro meMuponesi, kubva muchipfava chekokusingapere, rinoita zvole kuti zvisave chinhu, uye nokuchidzima kubva mupfungwa zvachose. Ruzivo rwekuti takanga tiri pamberi pengirozi, chokwadi chekuti takanzwa izwi raJesusu, uye nechokwadi chisina kusvibiswa zvachaibva mumunhu akachena, richidaidzirwa nekuda kwaMwari, kwandiri hazvitaurike, uye ndichagara ndichitarisa kuratidza uku kokunaka kwaMuponesi nokushamiswa uye nokutenda ndichiri kubvumirwa kugara ndiri mupenyu; uye mune idzo dzimba uwo munogara zvakakwana uye musingauye chivi, ndinovimba kuti ndichayemura zuva iro risingazopera." — *Messenger and Advocate*, (Mutumwa neMumiririri), chinyorwa chekutanga (Gumiguru 1834), mapeji 14–16.

MISIMBOTI YECHITENDERO

CHECHECHI YAJESU KRISTU YAVATENDI VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

History of the Church, Zvinyorwa zvechina, mapeji 535–541

TINOTENDA muna ^bMwari, Baba Vokusingapere, ^cneMwanakomana Wavo, Jesu Kristu, nemuneMweya ^dMutsvene.

2 Tinotenda kuti vanhu vacharangirwa zvitadzo zvavo ^apachavo, kwete pamusana ^bpekutadza kwaAdama.

3 Tinotenda kuti kuburikidza ^aneRudzikinuro rwaKristu, vose vanhu ^bvangaponeswe, ^cnokuteerera ^dkumitemo ^enezvisungo zveVhangeri.

4 Tinotenda kuti misimbotti yekutanga ^anezvisungo zveVhangeri ndeyi: poshi, ^bKutenda muna Ishe Jesu Kristu; piri, ^cKutendeuka; tatu, ^dRubhabhatidzo rwekunyikwa kuitira

^ekuregererwa zvitadzo; china, Kugadzwa ^fkwemaoko kuitira kupihwa ^gchipo cheMweya Mutsvene.

5 Tinotenda kuti munhu akafanira ^akudaizwa naMwari, ^bnehuporofita, nekugadzwa ^cmaoko neavo vari ^dmumvumo ^eyekuparidza Vhangeri noku-shanda ^fmuzvisungo zvacho.

6 Tinotenda ^ahurongwa humwechetehwo hwakanga hwaripo muChechi yeKutanga, sezvizvi, ^bvaapositori, ^cmaporofita, ^dvapisirisa, vadzidzisi, ^evaparidzi, uye zvichingodaro.

7 Tinotenda ^amuchipo ^bchendi-mi, ^chuporofita, ^dzvakarurwa, ^ezviratidzo, ^fkurapa, ^gkududzira ndimi, uye zvichingodaro.

1a NKM Daira.

^b NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Baba.

^c NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Mwanakomana; Jesu Kristu.

^d NKM Mwari, Musoro hwehuMwari—Mwari Mweya Mutsvene; Mweya Mutsvene.

2a Deut. 24:16;

Ezk. 18:19–20.

NKM Kudavira; Kuzvisarudzira.

^b NKM Kupunzika kwaAdama naEva.

3a NKM Dzikinura.

^b Mosaya 27:24–26; Mos. 5:9.

NKM Ruponeso.

^c NKM Anoteerera.

^d NKM Mutemo.

^e NKM Vhangeri.

4a NKM Zvisungo.

^b NKM Rutendo.

^c NKM Rutendeuko.

^d NKM Bhabhatidza.

^e NKM Kuregererwa kweZvitadzo.

^f NKM Maoko, Kugadzwa kwe.

^g NKM ChipochiMweya Mutsvene.

5a NKM Akadaidzwa naMwari.

^b NKM Huporofita.

^c NKM Maoko, Kugadzwa kwe.

^d NKM Mvumo;

Hupirisita.

^e NKM Paridza.

^f Aruma 13:8–16.

6a NKM Chechi, Zviratidzo zvereChokwadi—Kurongwa kweChechi.

^b NKM Muapositori.

^c NKM Muporofita.

^d NKM Bhisopani.

^e NKM Muvhangeri; Patiriyaki.

7a NKM Zvipo zveMweya.

^b NKM Ndimi, Chipochi.

^c NKM Huporofita.

^d NKM Zvakazarurwa.

^e NKM Kuratidzwa (Chiratidzo).

^f NKM Kurapa.

^g I VaKori. 12:10; Morm. 9:7–8.

8 Tinotenda “Bhaibheri kuti ^bshoko raMwari kana riri raka-dudzirwa ^cnemazvo; tinotenda-wo kuti ^dBhuku raMormoni izwi raMwari.

9 Tinotenda zvose Mwari ^azva-vakazarura, zvose zvaVariku-zarura iyezvino, uye tinotenda kuti ^bVachazarura zvizhinji zvi-kuru zvinokosha zviru maere-rano neUmambo hwaMwari.

10 Tinotenda ^amukuungani-dzwa chaiko kweIsraeri no-mukudzorerwa pakare kwe-Marudzi ^bGumi; ^ckuZioni (Jerusarema Idzva) ichavakwa munyika yeAmerica; kuti Kristu ^dachatonga iye mbune pasi pano; uye, nokuti nyika ichai-twa ^eitsva uye igogashira ^fku-bwinya kwayo ^gkweparadiso.

11 Tine ^akodzera yekunamata Samasimba Mwari maererano ^bnezvatinonzwa ^cmupfungwa dzedu, uye tinobvumira vose vanhu kodzera imwecheteo,

regai ^dvanamate netsika yava-noda, kwavanoda, kana chava-nokwanisa.

12 Tinotenda kuve pasi pema-dzimambo, vatungamiri, vato-ngi, nevatongi vedzimhosva, mukuteerera, kukudza, noku-tsigira ^amurau.

13 Tinotenda mukuve ^atinovi-mbika, tiri pachokwadi, ^btaka-chena, tiri tinopa, takarurama, ^cnomukuita zvakanaka kuva-nhu vose; chokwadi, tingati tinotevedzera ^dkuraira kwa-Pauro—Tinotenda zvinhu zvo-se, ^etinetariro pazvinhu zvose, takashingirira zvose zvinhu, uye tinovimba tichakwanisa ^fkushingirira zvose zvinhu. Kana paine ^gchakarurama, chii-nehunhu, kana chinotaurwa zvakanaka kana chinorumbi-dzwa, tinozvitsvaka zvinhu izvozvo.

JOSEPH SMITH.

8a NKM Bhaibheri.
 b NKM Shoko raMwari.
 c 1 Ni. 13:20–42;
 14:20–26.
 d NKM Bhuku
 raMormoni.
 9a NKM Zvakazarurwa.
 b Amosi 3:7;
 D&Z 121:26–33.
 NKM Magwaro
 matsvene—
 Magwaro matsvene
 akaporofitwa kuti
 achauya.
 10a Isa. 49:20–22; 60:4;
 1 Ni. 19:16–17.
 NKM Israeri—
 Kuungani dzwa kwa

Israeri.
 b NKM Israeri—
 Marudzi gumi
 akarasika aIsraeri.
 c Eta 13:2–11;
 D&Z 45:66–67; 84:2–5;
 Mos. 7:18.
 NKM Jerusarema
 Idzva; Zioni.
 d NKM Mereniamu.
 e NKM Pasi—Kusukwa
 kwepasi pano.
 f NKM Kubwinya.
 g NEMAMWE MAZWI
 mamiriro akafanana
 neBindu reEdeni;
 Isa. 11:6–9; 35; 1–10;
 51:1–3; 65:17–25;

Ezek. 36:35. nkm
 Paradiso.
 11a D&Z 134:1–11.
 b NKM Kuzvisarudzira.
 c NKM Hana.
 d NKM Kunamata.
 12a D&Z 58:21–23.
 NKM Mutemo.
 13a NKM Anovimbika;
 Kutendeka.
 b NKM Hunhu.
 c NKM Rubatsiro.
 d VaF. 4:8.
 e NKM Tariro.
 f NKM Tsungirira.
 g NKM Kutsiga; Hunhu
 Wakanaka.

NHUNGAMIRI KUMAGWARO MATSVENE

CHISUMO

KURONGWA KWEMISORO YENHAURWA
ICHITEVEDZA KURONGANA KWEMAVARA

ZVAKASARUDZWA KUBVA MUDUDZIRO
YAJOSEPH SMITH YEBHAIBHERI

NHOROONDO YECHECHI YAKARONGWA SEMAITIKIRO
AZVO, MAMEPU, NEMIFANANDIDZO

MAMEPU EMUBHAIBHERI NEMIFANANIDZO

CHISUMO

Nhungamiri kuMagwaro Matsvene inotsanangura dzidziso dzakasarudzwa nemisimboti, vanhu, nenzvimbo dzinowanikwa muBhaibheri Dzvene, Bhuku raMormoni, Dzidziso neZvibvumirano, nemuDombo Remutengo Mukuru. Inokupawo zvinokosha zvinonangana nemagwaro matsvene zvaungadzidze pamusoro penhaurwa yega-yega. Nhungamiri inogona kukubatsira iwe pachako uye nemhuri mukudzidza magwaro matsvene. Inogona kukubatsira kupindura mibvunzo iri pamusoro pevhangeri, kuverenga nekunzwisisa nhaurwa dzemagwaro matsvene, kugadzirira nhtaurwa nezvidzidzo, nekuwedzera ruzivo neuchapupu hwako hwevhangeri.

Nhungamiri ine zvikamu zvitatu: (1) misoro yenhaurwa yakarongwa zvichitevedza kurongana kwemavara, (2) zvakasarudzwa kubva muDudziro yaJoseph Smith yeBhaibheri (JSD), (3) Nhorondo yesangano yakarongwa semaitikiro azvo, mamepu emuBhaibheri nemifananidzo.

1. *Kurongwa kwemisoro Yenhourwa Ichitevedza*. Chikamu ichi chinopa tsananguro pfupi kumusoro wenhourwa yega-yega nekudoma zvinonyatsokosha zvinonangana nezvemusoro wacho wenhourwa. Chose chine zvekuita nemagwaro chinoteverwa nenhapwa-mukanwa pfupi kana chidimbu chedudziro yemagwaro. Zvinonangana nemagwaro matsvene zvinovepo muhurongwa hunoti: Testamende yaKare, Testamende Itsva, Bhuku raMormoni, Dzidziso neZvibvumirano, neDombo Remutengo Mukuru..

2. *Zvakasarudzwa kubva muDudziro yaJoseph Smith yeBhaibheri*. Mugore ra1830, Ishe vakaraira Muporofita Joseph Smith kuti atange basa rekudzokeredza kana kuti kududzira Bhaibheri rakadhindiswa naMambo Jemisi. Chinangwa cheMuporofita chaive chekudzorera zvakare zviripachena uye zvinokosha kwazvo zvakange zvarasika mumagwaro ekutanga eBhaibheri. Akapedza basa zhinji muna Chikunguru 1833. Zvisinei, kusvikira pakufa kwake muna 1844, akaramba achienderera mberi nekushandura apo achigadzirira zvinyorwa kuti zvidhindwe. Kana zvazvo chiunganidzwa chose chezvinyorwa chisina kupedziswa, kana kuzotorwa zviripamurawo neChechi, Duidziro yaJoseph Smith ine nzwisiso zhinji dzezvinoreshwa nemagwaro matsvene uye iyamuro inokosha mukunzwisisa Bhaibheri. Zvimwe zvezvinyorwa zvakatiwandei zvinokosha zvakasanganiswa muNhungamiri kumagwaro matsvene. (Kuti ugoziva zvimwe, tarisa musoro wenhourwa “Dudziro yaJoseph Smith” muNhungamiri.)

Chechi yajesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira inoshandisa zviri pamurawo dudziro yechirungu yeBhaibheri rakadhindiswa naMambo Jemisi. Yakave nekukosha kukuru mukudzorerwazve kwevhangeri uye inoenderera mberi nekuve nekurudziro huru munyika dzakawanda pasi rose.

3. *Nhorondo yeChechi yakarongwa semaitikiro azvo, mamepu, nemifananidzo, nemamepu emuBhaibheri nemifananidzo*. Mukuziva mamiriro ematunhu anotaurwa nezvawo mumagwaro matsvene, unokwanisa kunzwisisa zvirinani zviitiko zvemumagwaro matsvene. Nhungamiri inosanganisa mamepu 6 enzvimbo dzinokosha munhorondo yeChechi, mamepu 14 enzvimbo dzemuBhaibheri, nemepu 1 yepasi rose. Kuti uwane nzvimbo, shandisa chinogedzo chezviunganidzwa zve-mamepu aunenge uchida. Chinogedzo chichakuendeswa kune mepu chaiyochaiyo uye zvinangiso zvenzvimbo pamepu iyoyo. Mifananidzo 18 yehorondo yeChechi ne32 yemuBhaibheri inetsanangurowo inokubatsira kunzwisisa zvirinani zvimwe zviitiko zvemumagwaro matsvene

Nhorondo yeChechi yakarongwa semaitikiro azvo inopa nguva yezviitiko zvinokosha mukudzorerwazve uye kukura kweChechi yaJesu Kristu mumazuva ano ekupedzisira.

Kukayamurazve mukudzidza kwako magwaro matsvene, Nhungamiri ine zvimwe zvakatiwandei zvinokuyamura. Semuyenzaniso, kana ukatarisa pakanzu "Jesu Kristu" unoona paine chinyorwa chakarongeka chinonzwisika chemusoro wenhaurwa yega-yega muNhungamiri chinokupa zvaungade kuziva zvakangana neMuponesi nehushumiri hwake. Uyu ndiwo wega musoro wenhaurwa muNhungamiri unehurongwa hwakawanda kudaro, hunonyatso kohomedza kukosha kwaKristu kuvanhu vose. Pamusoro pezvo, pasi pemusoro wenhaurwa "Zvakarongeka semaitikiro azvo" zvimwe zvezviitiko zvinokoshesesa zvenguva yemuBhaibheri nemuBhuku raMormoni, zvakanyorwa pamwechete nemazuva anofungidzirwa azvakaitika. Musoro wenhaurwa "Vhangeri" unosanganisa kupindirana kwemaVhangeri. Kupindirana uku kunoenzanisa dzidziso dzeMuponesi sekuwanikwa kwadzinoitwa muna Mateo, Marko, Ruka, Johane, nemune zvakazarurwa kumazuva ekupedzisira.

Zvinotevera izvi zvidimbu zvemabhuku emagwaro matsvene anoshandiswa muNhungamiri:

Testamente yaKare		Habakuki	Hab.
Genesi	Gen.	Zefanaya	Zef.
Eksodo	Eks.	Hagai	Hag.
Revitiko	Rev.	Zekaria	Zek.
Numeri	Num.	Maraki	Mara.
Deuteronomio	Deut.		
Joshua	Josh.	Testamente Itsva	
Vatongi	Vat.	Mateo	Mat.
Rute	Rute	Marko	Marko
I Samuери	I Sam.	Ruka	Ruka
II Samuери	II Sam.	Johane	Joh.
I Madzimambo	I Madz.	Mabasa aVaapositori	Mabasa
II Madzimambo	II Madz.	VaRoma	VaR.
I Makoronike	I Mak.	I VaKorinte	I VaKori.
II Makoronike	II Mak.	II VaKorinte	II VaKori.
Ezra	Ezra	VaGaratia	VaG.
Nehemia	Neh.	VaEfeso	VaE.
Estere	Est.	VaFiripi	VaF.
Jobo	Jobo	VaEfeso	VaE.
Mapisarema	Mpi.	VaFiripi	VaF.
Zirevo	Zir.	VaKorose	VaKoro.
Muparidzi	Mpa.	I VaTesaronika	I VaT.
Rwiyo Rukuru rwaSoromoni	Rwiyo	II VaTesaronika	II VaT.
Isaya	Isa.	I Timotio	I Tim.
Jeremia	Jer.	II Timotio	II Tim.
Mariro aJeremia	MJer.	Tito	Tito
Ezekieri	Ezk.	Firemoni	Fir.
Danieri	Dan.	VaHeberu	VaH.
Hosea	Hos.	Jakobo	Jkb.
Joere	Joere	I Petro	I Pet.
Amosi	Amosi	II Petro	II Pet.
Obadia	Obad.	I Johane	I Joh.
Jona	Jona	II Johane	II Joh.
Mika	Mika	III Johane	III Joh.
Nahumi	Nah.	Judasi	Jud.
		Zvakazarurwa	Zvaka.

Bhuku raMormoni

1 Nifai	1 Ni.
2 Nifai	2 Ni.
Jakobho	Jak.
Enosi	Eno.
Jaromu	Jar.
Omuni	Omu.
Mazwi aMormoni	Mazwi
Mosaya	Mosaya
Aruma	Aru.
Hiramani	Hir.
3 Nifai	3 Ni.
4 Nifai	4 Ni.
Mormoni	Morm.
Eta	Eta
Moronai	Moro.

Dzidziso

neZvibvumirano	D&Z
Chirevo cheChechi—1	Chirevo—1
Chirevo cheChechi—2	Chirevo—2

Dombo Remutengo

Mukuru	DRM
Mosesi	Mos.
Abrahama	Abr.
Joseph Smith—Mateo	JS—Mat.
Nhoroondo— yaJoseph Smith	Nh—JS
Misimboti yeChitendero	Mis. yeCh.

Dudziro

yaJoseph Smith	DJS
-----------------------	-----

KURONGWA KWEMISORO YENHAURWA ICHITEVEDZA KURONGANA KWEMAVARA

Mashadisirwo. Nhungamiri kuMagwaro Matsvene kurongwa kwemisoro yenhaurwa dzevhangeri dzakarongana dzichitevedza kurongana kwemavara. Inopa tsananguro pfupi yemusoro wenhaurwa yega-yega uye ichipawo magwaro akanyanyokosha anenge anechekuita nemusoro wenhaurwa iyoyo. Chose chine chekuita nenhaurwa iyoyo, chinotungamirwa nekanhapwa mukunwa kapfupi kana pfupiso yegwaro dzvene. Magwaro Matsvene ose anezvekuita nenhaurwa anowanikwa muhurongwa hunotevera: Testamende yaKare, Testamende Itsva, Bhuku raMormoni, Dzidziso neZivbvumirano, neDombo Remutengo Mukuru. Chiratidzo chinotevera chinotsanangura muenzaniso wechiiswa:

Misoro yenhaurwa yakanyorwa nemavara makuru.

PASI PANO. *Onawo* Sika, Kusika; Nyika

Pane tsananguro pfupi yemusoro wenhaurwa wega-wega.

Nzvimbo yatinogara, yakasikwa naMwari kuburikidza naJesu Kristu kuti ishandise nemunhu munguva dzedzwa kwake ari wenyama. Magumo ayo kuti izove inekubwinyiswa nekuwidziridzwa (D&Z 77:1-2; 130:8-9). Pasi pano pachave nhaka yokusingaperi yeavo vakagara zvakakodzera kuti vave vekubwinya kweseresitiyaro (D&Z 88:14-26). Vachafadzwa vari pamberi paBaba neMwanakomana (D&Z 76:62).

Magwaro matsvene ane maererano nenhaurwa anokubatsira kunzwisisa tsananguro akakomberedzwa.

Rakasikirwa munhu: Mwari vakapa munhu kutonga pasi, **Gen.** 1:28 (Mos. 2:28). Pasi ndepa Ishe, **Eks.** 9:29 (Mpi. 24:1). Nesimba reshoko ravo munhu akauya panyika, **Jak.** 4:9. Varombo nevanzvirereka pasi pano vachaigara senhaka, **D&Z** 88:17 (Mat. 5:5; 3 Ni. 12:5). Tichagadzira pasi pano, tigovayedza, **Abr.** 3:24-25.

Mimwe misoro yenhaurwa ine mimwe midiki. Iyi yakanyorwa nemavara akarereka.

Dzimwe nguva zvaunenge uchida kuziva maererano neimwe nhaurwa zvinenge zvisina kuiswa pasi pemusoro wenhaurwa yaunenge watarisa. Izwi rakarereka *ona* rinokuratidza musoro wenhaurwa kwaunokwanisa kuwana zvaunoda kuziva.

RIMA, REKUNZE. *Onawo* Rufu, Zvemweya; Dhiabhorosi; Gehena; Vanakomana vevaraswa

CHECHI, HURU UYE INONYANGADZA. *Onawo* Dhiabhorosi—Chechi yadhiabhorosi

Dzimwe nguva mimwe misoro yenhaurwa iri munhungamiri inetsananguro inopindirana nemusoro wenhaurwa yaurikudzidza nezvayo. Mazwi akarereka *onawo* anokuratidza misoro yenhaurwa iyi inopindirana.

Magwaro matsvene anopindirana ane maererano nenhaurwa akapihwa akakomberedzwa.

Gwaro dzvene regarega rine maererano nenhaurwa rinotanga nezvakatorwa kubva mugwaro dzvene zvifupi kana pfupiso yegwaro dzvene.

Izwi rakarereka *ona* (kana *onawo*) richiteverwa nekamutsetse aka rinokuudza kuti zvaunoda kuziva zvinowanikwa muchiiswa chidiki (“Chechi yadhiabhorosi”) chemusoro wenhaurwa mukuru (“Dhiabhorosi”).

ABRAHAMA. *Onawo*

Chibvumirano chaAbrahama

Mwanakomana waTera, akaberekerwa muUri yavaKardia (Gen. 11:26, 31; 17:5). Muporofita waIshe uyo akaitwa naye nalshe zvbvumirano zvokusingaperi, kuburikidza nazvo ose marudzi epasi anoropafadzwa. Abrahama pakutanga ainzi Abrama.

Akatamira kuHarani, uko kwakafira Tera, **Gen.** 11:31–32 (Abr. 2:1–5). Akaidzwa naMwari kuti atore rwendo rwekuenda kuKanani nekutambira chibvumirano chinoyera, **Gen.** 12:1–8 (Abr. 2:4, 15–17). Akaenda parwendo kuEgipita, **Gen.** 12:9–20. (Abr. 2:21–25). Akagara muHebroni, **Gen.** 13:18. Akanunura Roti, **Gen.** 14:1–16. Akasangana naMerkizedeki, **Gen.** 14:18–20. Hagari akazvara mwanakomana wake Ishmaeri, **Gen.** 16:15–16. Zita rake rakapindurwa rikanzi Abrahama, **Gen.** 17:5. Ishe vakataurira Abrahama naSara kuti vachazove nemwanakomana, **Gen.** 17:15–22; 18:1–14. Sara akabereka mwanakomana wake Isaka, **Gen.** 21:2–3. Akatumwa kuti apire sechibairo Isaka, **Gen.** 22:1–18. Sara akafa akavigwa, **Gen.** 23:1–2, 19. Abrahama akafa akavigwa, **Gen.** 25:8–10. Kuda kwaAbrahama kuti apire Isaka kwaiva semufanani-dzo waMwari neMwanakomana wake Mumwechete Akaberekwa, **Jak.** 4:5. Aibvisa chegumi kuna Merkizedeki, **Aru.** 13:15. Akafanoona akapupura nekuuya kwaKristu, **Hir.** 8:16–17. Akatambira hupirisita kubva kuna Merkizedeki, **D&Z** 84:14. Vane rutendo vanove mbeu yaAbrahama, **D&Z** 84:33–34 (VaG. 3:27–29). Aitambira zvinhu zvose nokuzarurirwa, **D&Z** 132:29. Akagashira kusimudzirwa kwake, **D&Z** 132:29. Aitsvaka maropafadzo amadzibaba uye kuti asarudzwe kuhupirisita, **Abr.** 1:1–4. Akanetswa nevapirisita venhema veKardea, **Abr.** 1:5–15. Akaponeswa nalshe, **Abr.** 1:16–20. Akadzidza nezvezuva, mwedzi, nenyenyedzi, **Abr.** 3:1–14. Akadzidza nezveupenyu pasi risati ravapo, nekusikwa, **Abr.** 3:22–28.

Bhuku raAbrahama: Zvinyorwa zvepachigare zvakanyorwa naAbrahama zvakazosvika mumaoko echechi mugore ra1835. Zvinyorwa nezvimwe zvitunha zvakaomeswa kuti zvisaore zvakananikwa kuEgipita mumapako ezvidhinha naAntonio Lebolo, akazvisiya senhaka kuna Michael Chandler. Chandler akazviratidza munyika ye-United States mugore ra1835. Dzimwe shamwari dzaJoseph Smith dzakazvitenga kubva kuna Chandler ndokuzvipa kuMuporofita, uyo akazvidudzira. Zvimwe zvezvinyorwa izvi iye zvino zvave kuwanikwa mubhuku rinonzi Dombu Remutengo Mukuru.

Chitsauko 1 chinotaura nezvakasangana naAbrahama muUri yemaKardia, uko kwakaedza vapirisita vakaipa kumupira. Chitsauko 2 chinotaura nezverwendo rwake rweku Kanani. Ishe vakazviratidza kwaari ndokuita zvbvumirano naye. Chitsauko 3 chinotaura kuti Abrahama akaona zvemuchadenga akaona ukama huri pakati pezviri mudenga. Zvitsauko 4–5 zvimwezeve zvinotaura nezveKusikwa.

Mbeu yaAbrahama: Vanhu avo, nokuteerera kumirau nezvisungo zvehangeri rajesu Kristu, vanogashira zvivimbiso nezvbvumirano zvakaikwa naMwari kuna Abrahama. Varume nevakadzi vangagashire maropafadzo aya kana vari vemutsetse waAbrahama kana kuti kana vari vakatorwa vakaiswa mumhuri yake nenzira yekugumbatira vhangeri uye nokubhabhatidzwa (VaG. 3:26–29; 4:1–7; D&Z 84:33–34; 103:17; 132:30–32; Abr. 2:9–11). Avo vedzinza chairo raAbrahama vanokwanisa kurasikirwa nemaropafadzo avo pamusana pekusateerera (VaR. 4:13; 9:6–8).

ABRAMA. *Ona* Abrahama

ADAMA. *Onawo* Adama-ondi-Amani; Edeni; Eva; Kupunzika kwaAdama naEva; Mikaeri; Ngirozi huru

Munhu wekutanga kusikwa panyika. Adama ndiye baba ari iye ziteteguru revanhu vose pasi pano. Kutadza

kwake ari muBindu reEdeni (Gen. 3; D&Z 29:40–42; Mos. 4) kwakakonzera kuti “apunzike” nokuti ave neupenyu hwenyama hunoguma nerufu, iri nhandho inofanira kuvapo kuti munhu afambire mberi pano pasi (2 Ni. 2:14–29; Aru. 12:21–26). Adama naEva vanofanirwa kuti varemekedzwe pane zvakaita kuti kukura kwezu kwokusingaperi kukwanisike. Adama ndiye waMazuva Akare anozivikanwawo saMikaeri (Dan. 7; D&Z 27:11; 107:53–54; 116; 138:38). Ndiye ngirozi huru uye achauyazve pasi seziteteguru remhuri yevanhu, mukugadzirira kuuya kwechipiri kwaJesu Kristu (D&Z 29:26).

Mwari vakasika munhu mumufananidzo wavo, **Gen.** 1:26–28 (Mos. 2:26–28; Abr. 4:26–28). Mwari vakapa munhu simba pamusoro pezvinhu zvose uye vakamuudza kuti awande nekuzadza nyika, **Gen.** 1:28–31 (Mos. 2:28–31; Abr. 4:28–31). Mwari vakaisa Adama naEva muBindu reEdeni vakavarambidza kudya muti weruzivo rwechakanaka nechakaipa, **Gen.** 2:7–9, 15–17 (Mos. 3:7–9, 15–17; Abr. 5:7–13). Adama akatumidza mazita chisikwa chipenyu, **Gen.** 2:19–20 (Mos. 3:19–20; Abr. 5:20–21). Adama naEva vakachatiswa naMwari, **Gen.** 2:18–25 (Mos. 3:18–25; Abr. 5:14–21). Adama naEva vakaedzwa naSatani, vakadya muchero wairambidzwa, vakatandwa muBindu reEdeni, **Gen.** 3 (Mos. 4). Adama akanga ava nemakore mazana mapfumbamwe ane makumi matatu ekuberekwa panguva yekufa kwake, **Gen.** 5:5 (Mos. 6:12). Adama ndiye aive munhu wekutanga, **D&Z** 84:16. Asati afa Adama akadaidza vana vake vakanga vakarurama pamwechete kuAdama-ondi-Amani uye ndokuvaropafadza, **D&Z** 107:53–57. Adama akapira mupiro, **Mos.** 5:4–8. Adama akabhathidzwa, akagashira Mweya Mutsvene, akagadzwa hupirisita, **Mos.** 6:51–68.

ADAMA-ONDI-AMANI. *Onawo*

Adama

Panzvimbo pakaropafadzira Adama zvizvarwa zvake zvakarurama makore

matatu asati afa (D&Z 107:53–56) uye apo paachauya nguva yeKuuya Kwechipiri isati yasvika (D&Z 116).

AGRIPA. *Onawo* Pauro

MuTestamente Itsva, mwanakomana waHerode Agripa Wekutanga uye ari mukoma waBerinike nehanzvadzi yaDrusira. Akange ari mambo weKaruisisi, yakanga iri muma Rebanoni. Akateerera kuMuapostori Pauro akange anyegetedzwa zvekuve pedyo nekuve muKristu (Mabasa 25–26; Nh—JS 1:24).

AHABI. *Onawo* Jesaberi

MuTestamente yaKare, mumwe wemadzimambo akange akaipisisa uye anesimba guru wekuchamhembe kwel-sraeri. Akarooro Jesaberi mwanasikana wamambo weSidoni, kuburikidza nehunyengedzi hwake kunamatwa kwaBaari naAshtaroti kwakamiswa muIsraeri (I Madz. 16:29–33; II Madz. 3:2) uye kukaedzwa kuti maporofita vabviswe uye kuregwe kunamatwa Jehova (I Madz. 18:13).

Akatonga pamusoro pelsraeri muSamarina kwemakumi maviri ane makore maviri, **I Madz.** 16:29 (I Madz. 16–22). Akaita zvakaipa mumaziso alshe kupfuura vose vakanga vatanga mberi kwake, **I Madz.** 16:30. Akauriwa muhondo, **I Madz.** 22:29–40.

AKABEREKWA. *Onawo* Kuberekwa naMwari, Kuberekwa Patsva; Mumwechete Akaberekwa; Vana vaKristu; Vanakomana neVanasikana vaMwari

Kuberekwa. Kubereka kusununguka, kuzvarana, kana kudaidza kuti zvive. Mumagwaro matsvене, mazwi aya anogaroshandiswa kuti areve kuberekwa naMwari. Kana dai zvazvo Jesu Kristu ari iye chete akaberekwa naBaba munyama, vose vanhu vanogona kunge vakaberekwa mumweya naKristu pamusana pekumugashira, kateerera mirairo yake, nekuve vanhu vatsva kuburikidza masimba eMweya Mutsva.

Nhasi uno ndakubereka iwe, **Mpi**. 2:7 (Mabasa 13:33; VaH. 1:5-6; 5:5). Kubwinya kwake kwaive kwaiye mumwechete akaberekwa waBaba, **Joh**. 1:14 (2 Ni. 25:12; Aru. 12:33-34; D&Z 76:23). Mwari vakada nyika zvekuti vakapa Mwanakomana wavo mumwechete akaberekwa, **Joh**. 3:16 (D&Z 20:21). Kristu akabereka vanhu vake mumweya, **Mosaya** 5:7. Avo vanoberekwa nemunaIshe ndeve Chechi yeDangwe, **D&Z** 93:22.

AKADAIDZWA NAMWARI.

Onawo Akasarudza; Gadza; Mutariri; Mvumo

Kudaidzwa naMwari kugashira chigaro kana kukokwa kubva kwaari kana vatingamiri veChechi vanemvumo yekushandira mune imwenzira.

Akagadza maoko ake paari uye akamupa basa, **Num**. 27:23. Ndakakugadza huporofita, **Jer**. 1:5. Ndakakasarudza ndikakugadza, **Joh**. 15:16. Pauro akadaidzwa kuti ave Muapostori, **VaR**. 1:1. Hakuna munhu anozvitorera rukudzo urwu, asi uyo anodaidzwa naMwari, **VaH**. 5:4. Jesu akadaidzwa naMwari mutsika yaMerkizedeki, **VaH**. 5:10. Ndakadaidzwa kuzoparidza shoko raMwari maererano nemweya wezvakazarurwa nechiporofita, **Aru**. 8:24. Vapirisita vaidaidzwa vachigadzirirwa kubvira pakutanga kwenyika, **Aru**. 13:3. Kana muine chido chekushandira Mwari, makadaidzwa, **D&Z** 4:3. Mirai makasimba mubasa randakudaidzirai, **D&Z** 9:14. Hamufanire kufunga kuti makadaidzwa kuti muparidze dakara madaidzwa, **D&Z** 11:15. Magosa anodaidzwa kuti aunze kuitika kwekuunganidzwa kwevakasarudza, **D&Z** 29:7. Hakuna achaparidza vhangeri rangu kana kukaChechi yangi kunze kwekunge agadzwa, **D&Z** 42:11. Kune vazhinji vakadaidzwa, asi vashoma vakasarudza, **D&Z** 121:34. Munhu akafanira kudaidzwa naMwari, **Mis. yeCh**. 1:5.

AKAGEZWA. *Onawo* Bhabhatidza; Dzikinura

Kuchenesa, munyama kana mumwe-

ya. Semucherechedzo, munhu anote-ndeuka anogona kucheneswa kubva muupenyu hwakaremedzwa nechitadzo nezviripo zvacho kuburikidza nokudzikinura nekuzvipira kwaJesu Kristu. Kumwe kugezwa kunoitwa pasi pemvumo yehupirisita chaihwo kunoshanda sezvisungo zvinoera.

Mupirisita achageza nhumbi dzake oshamba mumvura, **Num**. 19:7. Ndi-gezei chaizvo kubva muchitadzo changu, **Mpi**. 51:2, 7. Ugezwe, uitwe akachena, urege kuita zvakaipa, **Isa**. 1:16-18. Jesu akageza tsoka dzeVaapostori vake, **Joh**. 13:4-15 (D&Z 88:138-139). Bhabhatidzwai, mugeze zvitadzo zvenyu, **Mabasa** 22:16 (Aru. 7:14; D&Z 39:10). Hakuna munhu angaponeswe kunze kwekunge nhumbi dzake dzasukwa dzave chena, **Aru**. 5:21 (3 Ni. 27:19). Nhumbi dzavo dzakagezwa dzikave chena neropa raKristu, **Aru**. 13:11 (Eta 13:10). Nokuchengetedza mirairo vangangogezwa vakacheneswa kubva kuzvitema zvavo zvoze, **D&Z** 76:52. Kuzodzwa kwenyu nekugezwa kwenyu kunoiswa nechisungo chezvisungo zvemba yangu tsvene, **D&Z** 124:39-41.

AKAIPA. *Onawo* Asakarurama; Chitadzo; Hutsvina; Kushaya huMwari; Rima, Zvemweya

Chakaipa, kuipa; kusaterera kumira-iro yaMwari.

Zvino ndingaite sei huipi hukuru uhu, ndotadzira Mwari? **Gen**. 39:7-9. Ishe vari kure nevakaipa: asi anonzwa munamato wevakarurama, **Zir**. 15:29. Kana vakaipa votonga, vanhu vanochemba, **Zir**. 29:2 (D&Z 98:9). Bvisaipakati penyuru uyo munhu akaipa, **I VaKori**. 5:13. Tinorwisana nokuipa kwemweya munzvimbo dzepamusoro, **VaE**. 6:12. Ibvai mune vakaipa, musabate zvinhu zvavo zvisina kuchena, **Aru**. 5:56-57 (D&Z 38:42). Izvi ndizvo zvekupedzisira zvavanenge vari vakaipa, **Aru**. 34:35 (Aru. 40:13-14). Huipi hauna kumbove rufaro, **Aru**. 41:10. Vakaipa vanorangwa nevakaipa, **Morm**. 4:5

(D&Z 63:33). Panguva iyoyo panouya kupatsanurwa kwakakwana kwevakarurama nevakaipa, **D&Z** 63:54. Saka ndiko kuuya kunoita kupera kwevakai-
pa, **JS—Mat.** 1:55.

AKANUNURWA. *Onawo*

Dzikinura; Jesu Kristu;
Kupunzika kwaAdama naEva;
Rufu, rwemweya; Rufu,
rwenyama; Ruponeso

Kubvisa, kutenga, kana kutsikinura, zvakaita sekusunungura munhu kubva muusungwa nemuripo. Rununuro rwunoreva zverudzikinuro rwaJesu Kristu nokubviswa muchivi. Rudzikinuro rwaJesu rwononunura rudzi rwevanhu rwose kubva kurufu rwenyama. Pamusana perudzikinuro rwake, avo vane rutendo maari vari vanotendeuka naivowo vanonunurwa kubva mukufa kwemweya.

Ndakakununura, **Isa.** 44:22. Ndichavanunura kubva kurufu, **Hos.** 13:14 (Mpi. 49:15). Tine rununuro pamusana peroparaKristu, **VaE.** 1:7, 14 (VaH. 9:11–15; I Pet. 1:18–19; Aru. 5:21; Hir. 5:9–12). Ishe vakanunura mweya wangu kubva kugehena, **2 Ni.** 1:15. Rununuro rwunouya nemuna nepamusana paMesia Mutsvene, **2 Ni.** 2:6–7, 26 (Mosaya 15:26–27; 26:26). Vakaimba rudo rwononunura, **Aru.** 5:9 (Aru. 5:26; 26:13). Vakaipa vanogara vakaita sekunga kusina kumbovepo nerununuro rwakaitwa, **Aru.** 11:40–41 (Aru. 34:16, 42:13; Hir. 14:16–18). Jesu Kristu akaita kuti kuite rununuro rwepasi, **Morm.** 7:5–7. Simba rerununuro rinouya pane avo vose vasina mutemo, **Moro.** 8:22 (D&Z 45:54). Avo vasingatende havanganunurwe mukupunzika kwavo kwemweya, **D&Z** 29:44. Vana vadiiki vakanunurwa kubvira pakutanga kwenyika, **D&Z** 29:46. Ishe vakanunura vanhu vavo, **D&Z** 84:99. Joseph F. Smith akaona muchiratidzo rununuro rwevakafa, **D&Z** 138. Adama naEva vakafara mukununurwa kwavo, **Mos.** 5:9–11.

AKANWA. *Ona* Shoko reUngwaru

AKAPFAVA. *Onawo* Akazvininipisa; Mwoyo Murefu; Mwoyo Wakatyoka

Anotya Mwari, akarurama, akazvininipisa, anodzidzisika, uye ane mwoyo murefu mukutambudzika. Vakapfavanyoro vanoda kuteedza dzidziso dzevhengeri.

Mosesi aive akapfava zvikuru, **Num.** 12:3. Vakapfava vachagara nhaka yepasi, **Mpi.** 37:11 (Mat. 5:5; 3 Ni. 12:5; D&Z 88:17). Tsvagai imi Ishe, mose vakapfava; tsvagai kururama, tsvagai kupfava, **Zef.** 2:3 (I Tim. 6:11). Dzidzai nezvangu nokuti ndakapfava uye ndakazvirereka mumwoyo, **Mat.** 11:29. Kupfava muchero weMweya, **VaG.** 5:22–23. Muranda waIshe akafanira kuve akanyorova, anodzidzisika, ane mwoyo murefu, mukupfava achidzidzisa avo vanoshora, **II Tim.** 2:24–25. Mwoyo wakapfava uye wakanyarara une mutengo mukuru mumaziso aMwari, **I Pet.** 3:4. Bvisai munhu wenyama uye muve vakapfava, **Mosaya** 3:19 (Aru. 13:27–28). Mwari akaraira Hiramani kuti adzidzise vanhu kuti vave vakapfava, **Aru.** 37:33. Nyasha dzalshe dzakakwana kunevakapfava, **Eta** 12:26. Mune rutendo muna Kristu pamusana pekupfava kwenyu, **Moro.** 7:39. Hakuna anotambirwa pamberi paMwari kunze kwevakapfava uye vakarereka mumwoyo, **Moro.** 7:44. Kuregererwa kwezvitema kunounza kupfava, uye pamusana pekupfava kunouya noku-shanyirwa neMweya Mutsvene, **Moro.** 8:26. Fambai muri mukupfava kweMweya wangu, **D&Z** 19:23. Tongai imba yenyu mukupfava, **D&Z** 31:9. Simba nezvinoitwa nehupirisita zvinogona kuchengetedzwa nekunyorova nekupfava, **D&Z** 121:41.

AKARURAMA. *Onawo*

Akasarurama; Anechiremera;
Famba, Famba naMwari;
Kutendeka; Mirairo yaMwari

Kuve akanaka, mutsvene, ahunhu, akatwasanuka; anoita nokuteerera mirairo yaMwari; anonzvenga chitadzo.

Ishe vacharopafadza vakarurama, **Mpi.** 5:12. Maziso aIshe ari pane vakarurama, **Mpi.** 34:15, 17 (I Pet 3:12). Kana vakarurama vave musimba, vanhu vanofara, **Zir.** 29:2 (D&Z 98:9–10). Vakaropafadzwa avo vanonzwira nzara nenyota yekururama, **Mat.** 5:6 (3 Ni. 12:6). Tsvagai kutanga umambo hwaMwari nokururama kwavo, **Mat.** 6:33. Vakarurama vanoenda muupenyu hwokusingaperi, **Mat.** 25:46. Munamoto wakadzama wemunhu akarurama unowanisa zvakanwanda, **Jkb.** 5:16. Uyo akarurama anodikanwa naMwari, **1 Ni.** 17:35. Achachengetedza vakarurama; havafanire kutya, **1 Ni.** 22:17, 22. Satani haazowana simba pamusana pekururama kwevanhu valshe, **1 Ni.** 22:26. Kana pasina kururama hapana mufaro, **2 Ni.** 2:13. Vakarurama vachagara nhaka yeumambo hwaMwari, **2 Ni.** 9:18. Vakarurama havatye mazwi echokwadi, **2 Ni.** 9:40. Vose vanhu vakafanira kupindurwa kuti vave vane chimiro chekururama, **Mosaya** 27:25–26. Mazita evakarurama achanyorwa mubhuku reupenyu, **Aru.** 5:58. Makatsvaga mufaro mukuita zvakaipa, zviri vakasiyana nemurau wekururama, **Hir.** 13:38. Rwiyo rwevakarurama munamoto kwandiri, **D&Z** 25:12. Mirai muine gandautare repachipfuva rekururama, **D&Z** 27:16 (VaE. 6:14). Rufu rwevakarurama rwunotapira kwavari, **D&Z** 42:46. Vakarurama vachaungandzwa kubva mukati memarudzi ose, **D&Z** 45:71. Vanhu vakafanira kuunza kuitika kwekururama kwakanyanya nokuda kwavo, **D&Z** 58:27. Uyo anoitamba mabasa ekururama achagashira runyararo munyika ino noupenyu hwokusingaperi munyika ichauya, **D&Z** 59:23. Pakuuya kwechipiri, kuchave nerupatsanuro rwakakwana rwevakarurama nevakaipa, **D&Z** 63:54. Masimba edenga anogona kubatwa chete pamusoro pemirau yekururama, **D&Z** 121:36. Pakati pevakarurama paive nerunyararo, **D&Z** 138:22. Vanhu veZioni vaigara mukururama, **Mos.** 7:18. Abrahamama aiva muteveri wekururama, **Abr.** 1:2.

AKASARUDZA, AKASARUDZWA.

Onawo Akadaidzwa naMwari; Kusununguka; Kuzvisarudzira

Kana Ishe vachitsara, kana vachisarudzwa, munhu kana chikwata, vanowanzo vadaidzawo kuti vashande. Avo vakasarudzwa naMwari kuiitira mabasa anokosha.

Sarudzai imi, zuva rino kuti muchashandira ani, **Josh.** 24:15 (Aru. 30:8; Mos. 6:33). Ndaita chibvumirano nevangu vakasarudzwa, **Mpi.** 89:3. Ndakasarudza iwe mubisiro redambudziko, **Isa.** 48:10 (1 Ni. 20:10). Vazhinji vakadaidzwa, asi vashoma vakasarudzwa, **Mat.** 22:14 (Mat. 20:16; D&Z 95:5; 121:34, 40). Imi hamuna kundisarudzwa, asi ini ndakakusarudzai, **Joh.** 15:16. Mwari vakasarudza zvinhu zvakanzungaira zvenyika kuti zvidzikisire vachenjeri, **I VaKori.** 1:27. Akatisarudza kusati kwave nehwaro hwenyika, **VaE.** 1:4. Vatendi chizvairwa chakasarudzwa, hupirisita hweumambo, **I Pet.** 2:9. Takasununguka kuti tisarudze rusununguko neupenyu hwokusingaperi kana husungwa nerufu, **2 Ni.** 2:27. Vanokudzwa nevakuru vakuru vakasarudzwa pakutanga, **D&Z** 138:55–56. Israeri yakasarudzwa naMwari, **Mos.** 1:26. Kristu akanga ari Anodiwa neAkasarudzwa naMwari kubvira pamvambo, **Mos.** 4:2. Abrahamama akasarudzwa asati azvarwa, **Abr.** 3:23.

AKAZODZWA. *Onawo* Jesu Kristu; Mesia

Jesu anonzi Kristu (izwi rechiGiriki) kana kuti Mesia (izwi rechiArami). Ose mazwi aya ari maviri anoreva kuti “akazodzwa.” Ndiye *akazodzwa* waBaba kuti ave mumiriri waBaba muzvinhu zvose zviri maererano neruposo rwevanhu.

Ishe vakandizodza, **Isa.** 61:1–3. Ndiye akazodza mumwechete kuti aparidze vhangeri, **Ruka** 4:16–22. Jesu akazodzwa naMwari Baba, **Mabasa** 4:27. Mwari vakazodza Jesu weNazareta, **Mabasa** 10:38.

AKAZVININIPISA. *Onawo*

Akapfava; Kudada; Kusasimba;
Murombo; Mwoyo Wakatyoka

Kuita munyoro nekudzidzisika, kana chinhanho chekuve munyoro uchidzidzisika. Kuzvininipisa kunosanganisa kuona kwedu kuti timire naMwari nokuda kuti tizviise pasi pechido chavo.

Mwari vakakutungamirirai makumi mana emakore musango kukuninipisai, **Deut.** 8:2. Ndakaninipisa mweya wangu nokutsanya, **Mpi.** 35:13. Zvirinani kuve mwana murombo uye akanngwara pana mambo akwegura ari benzi, **Mpa.** 4:13. Ishe vanogara naye uyo akazvirereka, **Isa.** 57:15. Ani zvake akazvininipisa semwana kadiki aka, iyeyo mukurukuru muumambo hwekudenga, **Mat.** 18:4. Uyo achazvininipisa achasimudzirwa, **Mat.** 23:12 (Ruka 14:11; 18:14). Jesu akazvirereka uye akave anoterera kusvika mukufa, **VaF.** 2:8 (Ruka 22:42; 23:46). Mwari vanoramba vanozvikudza, uye achipa nyasha kune vanozvininipisa, **I Pet.** 5:5-6 (2 Ni. 9:42). Zvirerekei pachenyu muhudzame hwekunyorova, **Mosaya** 4:11 (2 Ni. 9:42; 3 Ni. 12:2). Mati mambozvininipisa zvakakwana here? **Aru.** 5:27-28. Chikwata chevanhu chakanjanya kuninipisa chakave chakasiimba mukuzvininipisa, **Hir.** 3:33-35. Ndinopa kuvanhu kusasimba kuti vave vakazvirereka, **Eta** 12:27. Kuzvininipisa kunosvitsa mukubhabhatidzwa, **D&Z** 20:37. Zvininipisei pamberi pangu uye muchandiona uye mugoziva kuti ndini, **D&Z** 67:10. Zvininipisei uye Ishe vachakupai mhinduro kuminamoto yenyu, **D&Z** 112:10. Regai uyo asingazive adzidze ungaru nokuzvininipisa, **D&Z** 136:32. Mweya unotumirwa kujekesera vakazvininipisa, **D&Z** 136:33.

AMAI. *Onawo* Eva; Mhuri; Vabereki

Zita rinoera rinotaura mudzimai anobereka kana kutora vana vasiri vekubereka iye pachake ovaita vake. Vana amai vanobatsira Mwari muhurongwa hwavo nokupa muviri unofa kuvana vaMwari vemweya.

Adama akatumidza zita remukadzi wake kuti Eva, nokuti aive amai vezvoze zvipenyu, **Gen.** 3:20 (Mos. 4:26). Kudza baba vako namai vako, **Eks.** 20:12 (VaE. 6:1-3; Mosaya 13:20). Musasiye mutemo waamai venyu, **Zir.** 1:8. Munhu akapusa anoshora amai vake, **Zir.** 15:20 (Zir. 10:1). Musashore amai venyu kana vachembera, **Zir.** 23:22. Vana vake nemurume wake vanosimuka vomudaidza kuti akaropafadzwa, nemurume wake anomurumbidza, **Zir.** 31:28. Amai vaJesu vakamira padyo nemuchinjikwa, **Joh.** 19:25-27. Zviuru zviviri zvemauto emaRamani vakanga vadzidziswa navamai avo, **Aru.** 56:47 (Aru. 57:21). Amai vedu vanobwinya Eva vakanga vari pakati pevakuru nevanesimba avo Ishe vavakaraira munyika yemweya, **D&Z** 138:38-39.

AMARIKAYA

MuBhuku raMormoni, muNifai aiva mutengesi akawana simba pakati pemaRamani akavatungamirira kunorwisa maNifai (Aru. 46-51).

AMENI. *Onawo* Munamoto

Zvinoreva kuti “zvive saizvozo” kana “ndizvozo.” Ameninotaurwa kuratidza kutenda nemwoyo wose kana kubvumira kwakapfava nechibvumirano (Deut. 27:14-26) kana chokwadi chizere (I Madz. 1:36). Nhasi mushure meminamoto, uchapupu, nekutaura, avo vane nge vanzwa munamoto kana shoko vanoti *ameni* nemazwi anonzwika kuratidza kubvumira nekugamuchira.

Munguva dzeTestamente yaKare, munhu aifanirwa kuti ati *ameni* kana arikuita chitsidzo (I Mak. 16:7, 35-36; Neh. 5:13; 8:2-6). Kristu anonzi “ndiye Ameninimuvimbiki nemupupuri wechokwadi” (Zvaka. 3:14). *Ameni* yaishandiswawo sechiratidzo chechibvumirano muChikoro cheVaporofita (D&Z 88:133-135).

AMONI, CHIZVARWA

CHAZARAHMURA. *Onawo*
Rimuhai

MuBhuku raMormoni, murume akasi-

mba ane hukuru uyo akatungamirira rwendo rwekubva kuZarahemura kuenda kunyika yeNifai-Rihai (Mosaya 7:1–16). Akaratidzwa zvinyorwa zvepasi chigare, uye akatsanangura kuti anonzi muoni akaita sei (Mosaya 8:5–18). Mushure akazoyamura kusunungura Mambo Rimuhai nevanhu vake kubva kumaRamani nokuvadzosera kuZarahemura (Mosaya 22).

AMONI, MWANAKOMANA

WAMOSAYA. *Onawo* Mosaya, Mwanakomana waBenjamini; Mosaya, Vanakomana va; VaAndi-Nifai-Rihai

MuBhuku raMormoni, mwanakomana waMambo Mosaya. Amoni akashanda semuparidzi ane kushingaira kwake kwakabatsira kutendeutsa mweya mizhinji kuna Kristu.

Akanga asiri mutendi aitsvaka kuparadza Chechi, **Mosaya** 27:8–10, 34. Ngirozi yakazvionesa kwaari nevamwe vake, **Mosaya** 27:11. Akatendeuka uye akatanga kuparidza shoko raMwari, **Mosaya** 27:32–28:8. Akaramba kunzi mambo uye akaenda panzvimbo paizvozvo kunyika yemaRamani kunoparidza shoko raMwari, **Aru.** 17:6–9. Akatsanya akanamata kuti atungamirwe, **Aru.** 17:8–11. Akatorwa akasungwa kuna Mambo Ramonai, **Aru.** 17:20–21. Akanunura zvipfuwo zvaRamonai, **Aru.** 17:26–39. Akaparidzira Ramonai, **Aru.** 18:1–19:13. Akatenda Mwari akakundwa nemufaro, **Aru.** 19:14. Vaakadzora havana kuzombopunzika, **Aru.** 23:6. Akafara kuve mudziyo uri mumaoko aMwari mukuunza zviuru nezviuru kuchokwadi, **Aru.** 26:1–8 (Aru. 26:1–37). Akatungamira vanhu VaAndi-Nifai-Rihai kuenda kusina ngozi, **Aru.** 27. Akanzwa mufaro mukuru mukusangana nehama dzake, **Aru.** 27:16–18.

AMOSI

Muporofita wemuTestamente yaKare uyo akaporofita kubvira pangangove

muna 792 kusvika mugore ra740 Kristu asati azvarwa, mumazuva Uziya, mambo wemaJuda, naJeroboami, mambo welsraeri.

Bhuku raAmosi. Bhuku riri muTestamente yaKare. Zviporofita zvizhinji zvaAmosi zvinoyambira maIsraeri nemarudzi akavakidzana navo kuti vadzokere mukururama.

Zvitsauko 1–5 zvinodaidza Israeri nemarudzi akavakidzana navo kuti vateendeuke. Chitsauko 3 chinotsanangura kuti Ishe vanozarurira zvakavanzika zvavo kuvaporofita uye nokuti pamusana pekutadza, Israeri ichaparadzwa nomuvengi. Zvitsauko 6–8 zvinoporofita nokupunzika kwelsraeri makore mazhinji Asiria isati yaipindira. Chitsauko 9 chinoporofita kuti Israeri ichadzore-rwa kunyika kwayo.

AMUREKI. *Onawo* Aruma, Mwanakomana waAruma

MuBhuku raMormoni, mumwe aishumira naAruma, mwanakomana waAruma.

Akashanyirwa nengirozi, **Aru.** 8:20; 10:7. Akatambira Aruma mumba make, **Aru.** 8:21–27. Akaparidza nesimba kuvanhu vaAmonaiha, **Aru.** 8:29–32; 10:1–11. Akanga ari chizvarwa chaNifai, Rihai, naManase, **Aru.** 10:2–3. Akapupura nezvechokwadi, **Aru.** 10:4–11. Akadaidza vanhu kuti vatendeuke vakamuramba, **Aru.** 10:12–32. Akarwisana naZizromu, **Aru.** 11:20–40. Akadzidzisa nezvekumuka kuvakafa, kutongwa, nekudzorerwa, **Aru.** 11:41–45. Aida kumisa kuuraiwa kwevaite-nda, **Aru.** 14:9–10. Akaiswa mujeri pamwechete naAruma, **Aru.** 14:14–23. Akadambura majoto etirongo pamusana pekutenda, **Aru.** 14:24–29. Akapupura pamusoro perudzikinuro, tsitsi nekutonga kwekuzanisa, **Aru.** 34:8–16. Akadzidzisa nezvemunamato, **Aru.** 34:17–28. Akakuridzira vanhu vasaverengere kutendeuka, **Aru.** 34:30–41. Rutendo rwaAruma naAmureki rwakaita kuti chidziro chetirongo chikoromoke, **Eta** 12:13.

AMURISAI

Murume ari muBhuku raMormoni akatungamirira boka remaNifai avo vakanga vachida mambo panguva yekutonga kwevatongi. MaNifai aya, vaidadzwa kunzi vaAmurisasi, vakapandukira Mwari zviripachena, zvakaaita kuti vatukwe (Aru. 2–3).

ANA

MuTestamente Itsva, muporofitakadzi werudzi rwechiAsheri. Panguva yekuberekwa kwaJesu, akanga avashirikadzi yatochembera. Akaona kasvava Jesu pakaipirwa mutembere pakusvitswa kwake akabva amuziva kuti ndiye Mununuri (Ruka 2:36–38).

ANANIASI WEDAMASIKO.

Onawo Pauro

Mudzidzi wechiKristu kuDamasiko akabhabhatidza Pauro (Mabasa 9:10–18; 22:12).

ANANIASI WEJERUSAREMA

MuTestamente Itsva, iye nemukadzi wake, Safira, vakanyepa nhema kuna Ishe nakuviga chikamu chemari yavakanga vapa kuna Ishe. Pavakabvunzwa naPetro, vose vakawira pasi uye vakafa (Mabasa 5:1–11).

ANASI. *Onawo Kayafasi*

MuTestamente Itsva, murume aive nechinzvimbo chikuru muSanihederini. Jesu, paakasungwa akatanga aendeswa kwaari (Joh. 18:13); akatungamirawo kwazvo mukutongwa kweVaapositori (Mabasa 4:3–6).

ANDREA

MuTestamente Itsva, munin'ina waSimoni Petro ari mumwe veVaapositori vaneGumi neVaviri vakadaidzwa naJesu munguva dzemharidzo yake pano pasi (Mat. 4:18–19; Marko 1:16–18, 29).

ANE SHANJE. *Onawo Chiva*

Sekushandiswa mumagwaro matsvene, izwi rekuti *shanje* rinoreva nepaviri: (1)

kutsva mwoyo nekunzwa kurwadziwa pamusana pemumwe munhu kana chinhu, (2) kuva neruchiva kumumwe munhu kana kufungira kuti mumwe achawana parinani.

Kunzwa kurwadziwa: Ini Ishe ndiri Mwari vane shanje, **Eks.** 20:5 (Deut. 5:9; 6:15; Mosaya 11:22). Ndichaitira shanje kuzita rangu dzvene, **Ezk.** 39:25. Ndinoitira shanje Jerusarema neZioni, **Zek.** 1:14.

Kuchohora kana kufungira: Shanje ihasha dzemunhu, **Zvi.** 6:32–35. Akishi akatanga kuve neshanje kumwanakomana wake, **Eta** 9:7. Zvikumurei kubva mushanje nokutya, **D&Z** 67:10.

ANECHIREMERA. *Onawo*

Akarurama

Kuti tive vakarurama nokuti timire tichibvumwa mumaziso aMwari nevatumgamiri vavo vakasarudzwa.

Uyo asingatore muchinjikwa wake haana kukodzera kwandiri, **Mat.** 10:38. Mushandi akakodzera basa rake, **Ruka** 10:7 (D&Z 31:5). Onai kuti munoita zvose zvinhu mukukodzera, **Morm.** 9:29. Havana kubhabhatidzwa kunze kwekunge vakakodzera, **Moro.** 6:1. Vane nungo havazoverengwa sevakakodzera kumira, **D&Z** 107:100. Uyo asingade kurangwa haana kukodzera umambo hwangu, **D&Z** 136:31. Hufundisi hwakasvitswa kune vose vakakodzera vari nhengo dzechirume, **D&Z** Chirevo—2.

ANENUNGO

Asingashande asiri mukati memabasa akarurama.

Kana paine asingadi kushanda, haafanire kudya, **II VaT.** 3:10. Vakave vanhu vane nungo, vazere nemisikanzwa, **2 Ni.** 5:24. Ibvai munungo, **Aru.** 38:12. Uyo ane nungo haachazodya chingwa chemushandi, **D&Z** 42:42. Nhamo kwamuri imi musingade kushanda nemaoko enyu, **D&Z** 56:17. Batai neshungu muchinhu chakanaka, **D&Z** 58:27. Regai kuva nenungo, **D&Z** 88:124.

ANETSITSI. *Onawo* Dzikinura; Jesu Kristu; Nyasha; Regerera; Yenzaniso

Mweya wenyasha, kupfava, nekuregerera. Tsitsi chimwe chezvinhu zviri pana Mwari. Jesu Kristu anotipa tsitsi nechipiro chake chekutidzikinura.

Ishe vane tsitsi uye vanenyasha, **Eks** 34:6 (Deut. 4:31). Tsitsi dzavo hadzina magumo nariinhi, **I Mak.** 16:34. Kunaka netsitsi zvichanditevera, **Mpi.** 23:6. Uyo ane tsitsi kuvarombo anofara, **Zir.** 14:21. Ndakada tsitsi kwete mupiro, **Hos.** 6:6. Vakaropafadzwa vane tsitsi: nokuti vachawana tsitsi, **Mat.** 5:7 (3 Ni. 12:7). Nhamo kuvanyegedzi vanobvisa chegumi asi vachisiya nyaya dzinorema dzemutemo, kutonga, tsitsi nerutendo, **Mat.** 23:23. Saka ivai netsitsi, sezvo Baba venyu naivowo vaine tsitsi, **Ruka** 6:36. Kwete nemabasa edu ekururama, asi maererano netsitsi dzake akatiponesa, **Tito** 3:5. Tsitsi dzakapfava dzaIshe dziri kwose, **1 Ni.** 1:20. Tsitsi hadzina chadzinoda pane uyo asingatendeuke, **Mosaya** 2:38–39. Mwari vane tsitsi kune avo vose vanotenda muzita ravo, **Aru.** 32:22. Tsitsi dzinogona kugutsa zvinodiwa nokutonga kwekuenzanisa, **Aru.** 34:16. Munofunga here kuti tsitsi dzingapambe ruenzaniso? **Aru.** 42:25, (Aru. 42:13–25). Vana vadiki vapenyu muna Kristu pamusana petsitsi dzake, **Moro.** 8:19–20 (D&Z 29:46). Ruoko rwajesu Kristu rwenyasha rwaripira zvitadzo zvenyu, **D&Z** 29:1. Pamusana peropa randakadeura, ndakavakumbirira pamberi paBaba avo vanodaira muzita rangu, **D&Z** 38:4. Avo vakachengeta chibvumirano vachawana tsitsi, **D&Z** 54:6. Ini, Ishe ndinoregerera zvitadzo, uye ndinonzwira tsitsi avo vanoreurura zvitadzo zvavo nemwoyo yakapfava, **D&Z** 61:2. Ini, Ishe, ndinoratidza tsitsi kune vose vakazvireka, **D&Z** 97:2. Uye uyo anogashira semwana mudiki, anogashira umambo hwangu, nokuti vachawana tsitsi, **D&Z** 99:3. Tsitsi dzichienda pamberi penyu uye, **Mos.** 7:31.

ANOTEERERA. *Onawo* Famba, Famba naMwari; Kuropafadzwa; Mirairo yaMwari; Mutemo; Ropafadzo; Rufaro; Teerera

Mupfungwa dzemweya, kuteerera kunoreva kuita kuda kwaMwari.

Noa akaita maererano nezvose zvakanza zvarairwa naMwari, **Gen.** 6:22. Abrahamu akateerera Ishe, **Gen.** 22:15–18. Zvose izvo Ishe zvavakataura tinoita, **Eks.** 24:7. Teerai nokudaro, Israeri, mutarisise kuzviita, **Deut.** 6:1–3. Iday Ishe muteererere izwi ravo, **Deut.** 30:20. Kuteerera kuri nani pane kuvzipira, **I Sam.** 15:22. Ityai Mwari, muchengetedze mirairo yavo, **Mpa.** 1:13–14. Haasi wose achapinda muumambo hwekudenga, asi uyo anoita kuda kwaBaba, **Mat.** 7:21 (3 Ni. 14:21). Kana munhu akaita kuda kwavo, achaziva kana dzidziso iri yaMwari, **Joh.** 7:17. Takafanira kuteerera Mwari pane vanhu, **Mabasa** 5:29. Vana, teereri vabereki venyu, **VaE.** 6:1 (VaKoro. 3:20). Ndichaenda kunoita zvinhu izvo zvakaturwa naIshe, **1 Ni.** 3:7. Ndakateerera izwi reMweya, **1 Ni.** 4:6–18. Kana vana vevanhu vakachengeta mirairo yaMwari vanovachengetedza, **1 Ni.** 17:3. Chenjererai nokuti mungateerere mweya wakaipa, **Mosaya** 2:32–33, 37 (D&Z 29:45). Vanhu vanokohwa mubairo wavo maererano nemweya wavanoteerera, **Aru.** 3:26–27. Vanhu vakafanira kuita zvinhu zvizhinji nekusinguka kwavo vega, **D&Z** 58:26–29. Hapana munhu chaanokanganisira Mwari, kunze kweavo vasingarumbidze ruoko rwavo uye vasingateerere mirairo yavo, **D&Z** 59:21. Ini Ishe ndinosungirwa kana muchiita zvandinotaura, **D&Z** 82:10. Wose mweya unoteerera izwi rangu uchaona chiso changu ugoziva kuti Ndini, **D&Z** 93:1. Vanhu vakafanira kurangwa kudakara vadzidza kuteerera, **D&Z** 105:6. Kana tikawana maropafadzo api zvavo kubwa kuna Mwari, zvinoitwa nokuteerera kumutemo uya wakamiswa, **D&Z** 130:21. Adama aiteerera, **Mos.** 5:5. Tichavaedza kuti tione kuti

vachaita here zvose zvinhu zvazvo Ishe zvaachavaraira, **Ab.** 3:25.

ANOVIMBIKA. *Onawo* Kutendeka

Kuve nedi, zvechokwadi, uye pasina kunyengedza.

Avo vose vanoita nechokwadi rufaro rwaIshe, **Zir.** 12:22. Ripai icho chama-katsidzira, **Mpa.** 5:4–5. Takaramba zvinhu zvakavanzika zvekusavimbika, **II VaKori.** 4:1–2. Itai kutaura kwenyu kuve kwakavimbika, **I Pet.** 2:12. Nhamo kune munyepi, nokuti achakandwa pasi kugehena, **2 Ni.** 9:34. Mweya unotaura chokwadi uye haunyepe, **Jak.** 4:13. Ani nani zvake anokwereta kumuvakidzani wake akafanira kudzosera chinhu chaakakwereta, **Mosaya** 4:28 (**D&Z** 136:25). Wonai kuti munoshanda zvakarurama, tongai zvakarurama, uye multe zvakanaka, **Aru.** 41:14. Wose munhu anofanira kubata zvakavimbika, **D&Z** 51:9. Vose vanoziva kuti mwoyo yavo yakavimbika vanobvumwa neni, **D&Z** 97:8. Varume vanovimbika, vakangwara, uye vakanaka vakafanira kutsvangirwa zvinzvimbo mune zvevatongerwo enyika, **D&Z** 98:4–10. Tsvakai nesimba kudzorera icho chakarasa nemuvakidzani wako, **D&Z** 136:26. Tinodaira mukuve takavimbika, **Mis. yeCh.** 1:13.

APOKIRIFA. *Onawo* Bhaibheri;

Magwaro Matsvene

Mabhuku anoyera emajuda asina kuiswa muBhaibheri remaHeberu asi ari mumabhaibheri edzimwe chechi dzechiKristu. Mabhuku aya kazhinji anokosha mukubatanidza Testamente yaKare neTsva uye anotariswa muChechi seanoyamura kuverenga.

Apokirifa kazhinji yakadudzirwa zvakanaka asi yakaisirwa mazwi asiri iwo, **D&Z** 91:1–3. Apokirifa inoyamura avo vanenge vajeke serwa neMweya, **D&Z** 91:4–6.

AREKA. *Onawo* Mafashamo

munguva dzaNoa; Mutswi; Noa,

Tateguru vemuBhaibheri

MuTestamente yaKare, ngarava yaka-

vakwa naNoa kuchengetedza upenyu nguva dzemvura zhinji.

Gadzira iwe areka yemuti unonzi mugofa, **Gen.** 6:14. Areka yakagara pamakomo eArarati, **Gen.** 8:4. Magwa evajaredhi akanga asingapinde mvura akafanana neareka yaNoa, **Eta** 6:7.

AREKA YECHIBVUMIRANO.

Onawo Tabernakeri

Inozivikanwawo seAreka yaJehova neAreka yeUchapupu, Areka yeChibvumirano yange iri yakareba kupfuura kufara kwayo mumativi kana kuti bhokisi yakaitwa nemuti wakagadzirwa nendarama. Yaive yakare kare iri yaiyera kukunda zvimwe zvose zverupawo rwekunamata kwemalsreri. Chigaro cheNyasha chaive icho chaitukidza areka chaitorwa senzvimbo yaigarwa naJehova pano pasi (**Eks.** 25:22). Mukupera kugadzirwa kweTabernakeri, areka yakaiswa munzvimbo yainzi Tsvene yeVatsvene, nzvimbo yakanga iri tsvene kupfuura dzose muchivakwa ichi (**I Madz.** 8:1–8).

Mosesi akagadzira areka iyi arairwa naMwari, **Eks.** 25. Vana vaRevi ndivo vakanzi vachengege areka iyi, **Num.** 3:15, 31. Areka yechibvumirano yaitungamira mberi kwavo, **Num.** 10:33. Torai bhuku iri remirau, uye morisa muareka yechibvumirano, **Deut.** 31:24–26. Mvura dzeJordan dzakaganhurwa pamberi peareka yechibvumirano, **Josh.** 3:13–17; 4:1–7. Vapirisita vakatora areka yechibvumirano pavakakunda Jeriko, **Josh.** 6:6–20. MaFiristia vakatapa areka yaMwari, **I Sam.** 5. Ishe vakaropafadza imba yaObedi-edomi pamusana peareka yaMwari, **II Sam.** 6:11–12. Uza akauraiwa naIshe paakaedza nekusateerera kutsigisa areka, **I Mak.** 13:9–12 (**D&Z** 85:8). Vakai imi nzvimbo yaIshe Mwari, kuti muunze areka yechibvumirano, **I Mak.** 22:19. Zviri muareka yechibvumirano zvinotsanangurwa, **VaH.** 9:4.

ARFA NAOMEGA. *Onawo* Jesu

Kristu

Arfa ivara rekutanga mukurongana kwemavara echiGiriki. Omega ndiro

reupedzisira. Mazitawo ainopiwa kuna Jesu Kristu, uye anoshandiswa sechiratidzo chinoreva kuti Kristu ndiye kutanga nemagumo ekusikwa kwose (Zvaka. 1:8; D&Z 19:1).

ARTARI. *Onawo* Mupiro

Chinhu chinoshandiswa pazvipiro, mipiro, nokunamatira.

Noa akavaka artari kuna Ishe uye akapa mipiro yekupisa, **Gen.** 8:20. Abrama akavakira Ishe artari, **Gen.** 12:7–8. Abrahama akasungirira Isaka mwana-komana wake paartari, **Gen.** 22:9 (Gen. 22:1–13). Jakobo akavakapo artari uye akaidza nzvimbo yacho kuti Eri-beteri, **Gen.** 35:6–7. Erija akavaka artari akaidzira kuvafundisi vaBaari kuti vazviitewo, **I Madz.** 18:17–40. Kana muchiunza zvipo zvenyu kuartari, tangai mayanana nehama yenyu, **Mat.** 5:23–24. Ndakawona pasi peartari mweya yeavo vakange vauraiwa pamusoro peshoko raMwari, **Zvaka.** 6:9 (D&Z 135:7). Rihai akavaka artari yematombo uye akapa kutenda kunaIshe, **1 Ni.** 2:7. Abrahama akaponeswa kubva muru-fu paartari yaErikena, **Abr.** 1:8–20.

ARUMA, MWANAKOMANA

WAARUMA. *Onawo* Amureki; Aruma Mukuru; Mosaya, Vanakomana va

MuBhuku raMormoni, mutongi mukuru nemuporofita murudzi rwemaNifai. Mumakore ake ekutanga akatsvaka kuparadza Chechi (Mosaya 27:8–10). Zvakadaro, ngirozi yakazviratidza kwaari akatendeudzirwa kuvhangeri (Mosaya 27:8–24; Aru. 36:6–27). Mushure akasiya chigaro chake chemutongi mukuru kuti adzidzise vanhu (Aru. 4:11–20).

Bhuku raAruma: Ibhuku riri paro rega muBhuku raMormoni, rine zvinyorwa zvapakufupikiswa zve maporofita Aruma, mwanakomana waAruma, nemwanakomana wake Hiramani. Zvinhu zviri muBhuku umu zvinhu zvakaatika zvingangobvira mugore ra91 kusvika

mugore ra52 Kristu asati azvarwa Bhuku iri rine zvitsauko makumi matanhatu ane zvitsauko zvitatu. Zvitsauko 1–4 zvinotsanangura kupanduka kwevaitevera Neho naAmurisasi vachirwisana nemaNifai. Hondo dzakatevera dzimwe dzhondo dzakaparadza vzhinji kusvika pangava iyoyo murungano rwemaNifai. Zvitsauko 5–16 zvine nhorooondo yenzendo dzekutanga dzemharidzo yaAruma, zvichisanganisa kuparidza kwake pamusoro peMufudzi Akanaka (Aru. 5) nokuparidza kwake aina Amureki muguta reAmona-ih. Zvitsauko 17–27 zvine zvinyorwa zvevanakomana vaMosaya nemharidzo dzavo kumaRamani. Zvitsauko 28–44 zvine dzimwe dzemharidzo dzakakosha dzaAruma. Muchitsauko 32 Aruma akaenzanisa shoko nembeu; muchitsauko 36 anodzokeredza nhorowondo yekutendeuka kwake kumwanakomana wake Hiramani. Zvitsauko 39–42 zvinotaura pamusoro pekuraira kwaAruma mwanakomana wake Koriandoni, uyo akange ave mukati mekukanganisa; iyi mharidzo inokosha inotsanangura kuenzanisa, nyasha, kumuka kuvakafa, neRudzikinuro. Zvitsauko 45–63 zvinotsanangura hondo dzemaNifai dzenguva iyoyo uye nekutamwa kwa- iitwa vari pasi paHagoti. Vatungamiri vakuru-kuru vaiti, mutungamiri vema- uto saKaputeni Moronai, Teangumu, naRihai vakayamura kuchengetedza maNifai kuburikidza nokuita kwavo kweugamba nekuita kwavo kwaifa- mbiana yakanaka nenguva.

ARUMA MUKURU

Muporofita wechiNifai ari muBhuku raMormoni akaronga Chechi mumazuva aMambo Noa akanga akaipa.

Aiva mupirisita waNoa Mambo akanga akaipa uye ari chizvarwa chaNifai, **Mosaya** 17:1–2. Mushure mekunzwa nokudaira Abhinadhai, akatandaniswa namambo. Akatiza, akahwanda, ndokunyora mazwi aAbhinadhai, **Mosaya** 17:3–4. Akatendeuka akadzidzisa mazwi aAbhinadhai, **Mosaya** 18:1. Akabhahbatidza mumvura dzeMormoni,

Mosaya 18:12–16. Akaronga Chechi, **Mosaya** 18:17–29. Akasvika nevanhu vake muZarahemura, **Mosaya** 24:25. Akapiwa simba pamusoro peChechi, **Mosaya** 26:8. Akatonga uye akatungamira Chechi, **Mosaya** 26:34–39. Akagadza hupirisita hwepamusoro pamwanakomana wake, **Aru.** 4:4 (**Mosaya** 29:42; **Aru.** 5:3).

ASA

MuTestamente yaKare, mambo wechitatu weJuda. Magwaro matsvene anoti “mwoyo wake wakanga wakakwana naIshe mazuva ake ose” (**I Madz.** 15:14). Munguva yekutonga kwake akasimudzira kugona kurwa kwemawuto, akakanda kwakadaro joki rechiEtiopia, akabvisa mifananidzo yenhema, uyezve akakoka vanhu kuti vaite chibvumirano chekutsvaka Jehova (**I Madz.** 15–16; **II Mak.** 14–16). Zvakadaro, zvaakaita chirwere mutsoka dzake, haana kutsvaka ruyamuro rwaIshe uye akafa (**I Madz.** 15:23–24; **II Mak.** 16:12–13).

ASAKARURAMA. *Onawo* Akaipa; Akarurama; Chitadzo; Hutsvina; Kushaya huMwari

Vakaipa, vasina kutwasanuka; vanhu vasingade Mwari kana zvinhu zvaMwari uye avo vasingatsigire zvinangwa zvake.

Vasina kururama havazogara nhaka yeumambo hwaMwari, **I VaKori.** 6:9–10. Avo vane rufaro mukusarurama vanotongwa, **II VaT.** 2:12. Jesu Kristu anogona kutisuka kubva mukusarurama kwose, **I Joh.** 1:9. Mambo asina kururama anosvibisa nzira dzose dzekururama, **Mosaya** 29:23. Hwaro hwepuparadzwa hunoiswa nekusarurama kwemagweta nevatongi, **Aru.** 10:27. Ndinokutumirai kunze kuti munotsiura nyika pamusoro pemabasa asina kururama, **D&Z** 84:87. Mweya wakafanira kuchenewa kubva mukusarurama kwose, **D&Z** 88:17–18. Zviri muvanhu vose kuti vatange zviito zvekudzvinyirira zvisina kururama, **D&Z** 121:39.

ASHERI. *Onawo* Israeri; Jakobo, Mwanakomana waIsaka

MuTestamente yaKare, mwanakomana waJakobo naZirpa, murandakadzi waRea (**Gen.** 30:12–13).

Rudzi rwaAsheri: Jakobo akaropafadza Asheri (**Gen.** 49:20), uye Mosesi akaropafadza vedzinza raAsheri (**Deut.** 33:1, 24–29). Zvizvarwa izvi zvaidaidzwa kuti “varume vane simba guru vasina kutya” (**I Mak.** 7:40).

ASINA MHOSVA

Asina mhosva kana asina chitadzo.

Pasati pave nekupunzika, Adama naEva vakanga vari muchinhano chekusava nemhosva, **2 Ni.** 2:23. Ropa revasina mhosva richamira semupupuri, **Aru.** 14:11. Wose mweya wemunhu wakanga usingazive pakutanga, **D&Z** 93:38. Vasina mhosva havaraswe pamwechete nevasina kururama, **D&Z** 104:7. Joseph naHyrum Smith vakanga vasina mhosva neimwechete zvayo, **D&Z** 135:6–7. Vana vakakwana kubva muhwaro hwepasi, **Mos.** 6:54.

ASINAGUMI. *Onawo* Mwari, Musoro hwehuMwari

Rimwe remazita aMwari, zvinoratidza kugara kwokusingaperi kwake (**D&Z** 19:10–12; **Mosaya** 1:3; 7:35).

ASINGADE KRISTU. *Onawo* Dhiabhorosi

Aninani kana chii zvacho chinotevedzera kuve hurongwa hwechokwadi zvisiri maererano nehurongwa hwechokwadi hwevhangeri reruponeso uye rinokupikisa Kristu zviri pachena kana zvakahwanda. Johane Muzaruri akatsanangura muramba Kristu semunyengedzi (**I Joh.** 2:18–22; 4:3–6; **II Joh.** 1:7). Anopikisa Kristu mukuru ndiRusifa, asi ane vazhinji vanomuyamura, vose vanhu vemweya nevenyama.

Mwanakomana wekuraswa anopikisa nekuzviisa pamusoro pezv zvinonzi zvaMwari, **II VaT.** 2:1–12. Anovanyengedza avo vanogara pasi nenzira

yezvishamiso, **Zvaka**. 13:13–17. Shere-mu akaramba Kristu uye akanyengedza vazhinji, **Jak**. 7:1–23. Neho akadzidzisa dzidziso dzemanyepo, akaumba chechi, akamisamo hupirisita hwekunyenge-dza, **Aru**. 1:2–16. Koriho akanyomba Kristu, Rudzikinuro, nemweya wechi-porofita, **Aru**. 30:6–60.

ASINGAFE. *Onawo* Dzikinura; Jesu Kristu; Kumuka kuvakafa; Ruponeso; Upenyu hwenyama

Mamiriro ekurarama narinhi narinhi mukumuka kuvakafa, pasisina kuve pasi perufu rwenyama.

Amuka, **Marko** 16:6. Kana nemuna Kristu vose vachaitwa vapenyu, **I VaKori**. 15:22. Rufu rwunomedzwa kana ichi chinofa chapfeka kusafa, **I VaKori**. 15:53–54. Kristu akadzima rufu uye akaunza kusafa, **II Tim**. 1:10. Kusafa kudzororwa kwemweya kumuviri, **2 Ni**. 9:13. Mweya inobatanidzwa nemiviri yayo inobva yave isingafe, pasina kuzofa zvakare, **Aru**. 11:45. Vane rutendo vachagadzwa ngundu nokusafa neupenyu hwokusingaperi, **D&Z** 75:5. Pasi richacheneswa uye risisafe, **D&Z** 77:1 (**D&Z** 130:9). Basa raMwari nokubwinya kuunza kuti zviitike zvekusafa noupenyu hwokusingaperi hwemunhu, **Mos**. 1:39.

ASIRIA

Hutongi hwaibatanidza nyika dzakawanda yaikwikwidzana neBabironi, yaitonga matunhu ekare eSiria neFiristia munguva yose yemuTestamente yaKare. Kana dai zvazvo maAsiria vaive nesimba guru zvichiverengwa kubvira pakati penguva yezana remakore yechigumi nemaviri Kristu asati azvarwa kudakara mukupera kwe-nguva yezana remakore yechinomwe Kristu asati azvarwa, havana kumbo-kwanisa kuvaka zvevatongerwo enyika zvakatsiga. Vaitonga nekutyisidzira, vachipwanya vavengi vavo nemoto kana nebakatwa kana kuvashaisa simba nekutakura chikamu chevamwe vavo vachinovaisa kune dzimwe nzvimbo

dzemuumambo hwavo hukuru. Vanhu vavo vavaitonga havana kumborega kuve mhandu dzavo, kunyangwe zvazvo nzira yehutongi hwavo hwose yakange izere nekumukirwa kusingapere. (**Ona II Madz**. 18–19; **II Mak**. 32; **Isa**. 7:17–20; 10; 19; 37.)

BAARI. *Onawo* Kunamata Zvifananidzo

Kunamatwa kwechimwari chezuva chaiive chechirume chainamatwa kunyanya muFinisia (**I Madz**. 16:31) asi chichinamatwawo nenzira dzakasiyana-siyana munzvimbo dzakawanda: nevaMoabi saBaari-peori (**Num**. 25:1–3), paShekemi saBaari-beriti (**Vat**. 8:33; 9:4), paEkroni saBaari-zebubi (**II Madz**. 1:2). Baari angangove mumwecheteyo saBeri weBabironi naZusi weGiriki. Izwi rinoti *Baari* rinoratidza hukama huri pakati paishe nemuranda wake. Rupau rwunozivikanwa rwaBaari ibhuru. Ashtoreti ndiye mwarikadzi ainamatwa kazhinji pamwechete naBaari.

Baari dzimwe nguva aibatanidzwa nerimwe zita kana izwi kuratidza kubatana naBaari, sezvakaita nzvimbo yaainamatirwa kana munhu ainge aine kuita kwakafanana nekwaBaari. Mushure, pamusana pekuti *Baari* rakave zita raireva zvinhu zvakaipisisa kwazvo, izwi rinonzi *Bosheti* rakatora nzvimbo yaro mumazita aye akabatanidzwa. *Bosheti* zvinoreva “nyadzi.”

BABA, VEKUDENGA. *Onawo* Mwari, Musoro hwehuMwari

Baba vemweya yemarudzi ose evanhu (**Mpi**. 82:6; **Mat**. 5:48; **Joh**. 10:34; **VaR**. 8:16–17; **VaG**. 4:7; **I Joh**. 3:2). Jesu ndiye Ega Mwanakomana wavo Akaberekwa munyama. Munhu akarairwa kuti ateerere nekupa kuremekedza kuna Baba nokunamata kwavari muzita raJesu.

Kana mukaregerera vanhu, Baba venyu Vekudenga naivowo vanokuregerera, **Mat**. 6:14 (**Mat**. 18:35; **3 Ni**. 13:14). Baba venyu Vekudenga vanozviziva kuti munozvida zvose zvinhu

izvi, **Mat.** 6:26–33 (3 Ni. 13:26–33). Baba venyu Vekudenga vachapa zvakadzi Mweya Mutsvene kune avo vanovakumbira? **Ruka** 11:11–13. Ngaropafadzwe Mwari naBaba valshe wedu Jesu Kristu, **VaE.** 1:3. Mune mungava nekusingaperi kuna Baba venyu Vekudenga, **Mosaya** 2:34. Kristu akabwinyisa zita raBaba, **Eta** 12:8. Vatiendi vakafanira kutaura uchapupu hwavo hwekunetswa Baba vasati vauya kubva munzvimbo yavo yekuhwanda, **D&Z** 123:1–3, 6. Takaona maropafadzo makuru anobwinya kubva kuna Baba vedu Vekudenga, **Nh—JS** 1:73.

BABA, VEPANYAMA. *Onawo*

Maropafadzo ehupatiriyaki;
Mhuri; Patiriyaki; Vabereki

Zita rinoera rinotaura murume akabe-
reka kana kurera mwana.

Kudza baba vako namai vako, **Eks.** 20:12 (Deut. 5:16; Mat. 19:19; Mosaya 13:20). Baba vanotsiura mwana anovafadza, **Zir.** 3:12. Vana baba musadenhe vana venyu kuti vaite hashu, **VaE.** 6:1–4. Ndakadzidziswa zvakati mufundo yose yababa vangu, **1 Ni.** 1:1. Baba vangu vaive munhu akarurama nokuti akandidzidzisa, **Eno.** 1:1. Aruma akanamatira mwanakomana wake, **Mosaya** 27:14. Aruma akapa mirairo kuvanokomana vake, **Aru.** 36–42. Hiramani akatumidza vanakomana vake semadzitateguru avo, **Hir.** 5:5–12. Mormoni aigara akafunga mwanakomana wake muminamoto yake, **Moro.** 8:2–3. Zvinhu zvikuvo zvingangodiwa muruoko rwemadzibaba, **D&Z** 29:48. Wose murume anosungirwa kuriritira mhuri yake, **D&Z** 75:28. Akanditaurira kuti ndiende kuna baba vangu, **Nh—JS** 1:49.

BABERI, BABIRONI. *Onawo*

Nebukadnezari; Nyika

Guta guru reBabironia.

Baberi yakatangwa naNimirodi uye yakange iri yemamwe maguta akare munyika yeMesopotamia, kana Shinari

(Gen. 10:8–10) Ishe vakapesanisa ndimi panguva vanhu vakange vachivaka Shongwe yeBaberi (Gen. 11:1–9; Eta 1:3–5, 33–35). Babironi mushure yakazove guta guru raNebukadnezari. Akavaka guta guru rekuti nanhasi dongo racho richiripo. Babironi rakave guta rakaipa zvikuvo uye kubviraipapo rakave rupawo rwehuipi hweipasi rose.

Tizai kubva pakati peBabironi, **Jer.** 51:6. Babironi ichamiswa igopunzika, **Zvaka.** 17–18. Babironi ichaparadzwa, **2 Ni.** 25:15. Babironi ichapunzika, **D&Z** 1:16. Hakuna andinosiya anosara muBabironi, **D&Z** 64:24. Endai imi mubude muBabironi, **D&Z** 133:5, 7, 14.

BARABASI

Zita remurume akaburitswa mutiro-
ngo panzvimbo yaJesu panguva ye-
Kuroverwa. Barabasi aive gwenya
rekupanduka, mhondi, ari gororo
(Mat. 27:16–26; Marko 15:6–15; Ruka
23:18–25; Joh. 18:40).

BARAMI

Muporofita muTestamente yaKare aida
kutuka valsraeri kuti apihwe mari. Aka-
taurirwa nalshe kuti asatuke Israeri
(Num. 22–24).

Mbongoro yaBarami yakaramba kufa-
mba nokuti ngirozi yakanga yakamira
munzira mayo, **Num.** 22:22–35.

BARIKA. *Ona* Kuroora—Barika

BARNABASI

Zita rakapiwa Josefa (uyo anodaidzwa-
wo kuti Josesi), muRevi weku Saipurasi,
akatengesa munda wake akapa mari ya-
cho kuVaapositori (Mabasa 4:36–37).
Kana dai akanga asi mumwe weVa-
apositori vaneGumi neVaviri vekutanga,
akave Muapositori (Mabasa 14:4, 14)
uye akashanda munzendo zhinji
dzekashumira (Mabasa 11:22–30; 12:25;
13–15; I VaKori. 9:6; VaG. 2:1, 9;
VaKoro. 4:10).

BASA. *Onawo* Anoteerera

Mumagwaro matsvane, chiiitwa, ndi-

mayatemwa, kana zvaunofanira kuita, kazhinji zvichipihwa naIshe kana nevaranda vavo.

Chengetedzai mirairo yake: nokuti iri ndiro basa rose remunhu, **Mpa.** 12:13. Chii chinodiwa naIshe kwamuri, asi kuita zvakarurama, **Mika** 6:8. Takafanira kuteerera Mwari pane vanhu, **Mabasa** 5:29. Vakarohwa nematambudziko kuvamutsiridza kuti vayeuke basa ravo, **Mosaya** 1:17. Mabasa emagosa, mapirisita vadzidzisi, nemadhikoni anotsanangurwa, **D&Z** 20:38–67. Vane hupirisita vanofanira kuita ose mabasa emhuri, **D&Z** 20:47, 51. Mabasa enhengo mushure mekubhabhatidzwa anotsanangurwa, **D&Z** 20:68–69. Magosa angu anofanira kumira kwechinguva chidiki kuti vanhu vangu vagoziva zvakakwana maererano nebaso ravo, **D&Z** 105:10. Regai wose munhu adzidze basa rake, **D&Z** 107:99–100.

BASA REKUSHUMIRA. *Onawo*

Paridza; Vhangeri

Kugovera vhangeri raJesu Kristu neshoko nemufananidzo.

Dzakanaka sei pagomo tsoka dzeuyo anoshambadza ruponeso, **Isa.** 52:7. Ndi-chaita zvose kutsvaka makwai angu, kudzitsvaga nokudzinongedza, **Ezk.** 34:11. Paridzai vhangeri kune chisikwa chose, **Marko** 16:15 (Morm. 9:22). Minda yachena yotoda kukohwehwa, **Joh.** 4:35. Uye vachaparidza sei, kunze kwekunge vatotumwa, **VaR.** 10:15. Vadzidzisei shoko raMwari nokushinga kwose, **Jak.** 1:19. Ishe vanopa kumarudzi ose kuti vadzidzise shoko ravo, **Aru.** 29:8. Vhangeri ringataurwe nevasina simba nevanhuwo zvavo, **D&Z** 1:23. Basa rinoshamisa rave pedyo kuuya, **D&Z** 4:1. Kana mukashanda mazuva enyu ose mukaunza mweya mumwechete kwandiri, kufara kwenyu kuchakura zvakadzi, **D&Z** 18:15. Vangu vakasarudzwa vanonzwa izwi rangu vasingaomese mwoyo yavo, **D&Z** 29:7. Endai muchiparidza shoko rangu muri maviri maviri, **D&Z** 42:6.

Ruzha rwakafanira kuenda rwuchibva panzvimo ino, **D&Z** 58:64. Zururai miromo yenyu mukushambadza vhangeri rangu, **D&Z** 71:1. Shambadzai chokwadi maererano nezvakazarurwa nemirairo, **D&Z** 75:4. Wose munhu anenge ayambirwa akafanira kuyambira muvakidzani wake, **D&Z** 88:81 (**D&Z** 38:40–41). Ishe vachapa kumhuri dzeavo vanoparidza vhangeri, **D&Z** 118:3. Varanda vaMwari vachaenda, **D&Z** 133:38. Magosa akatendeka, pavanobva muupenyu hwekufa, vanoramba vachishanda, **D&Z** 138:57.

BATI-SHEBA. *Onawo* Davidi

Mukadzi waUria; mushure, akazove mukadzi waDavidi uye ari amai vaSoromoni. Mambo Davidi akaita upombwe naye. Akarongawo zverufu rwe-murume wake kuhondo (II Sam. 11), chiri chitadzo chakave nechekuita nemubairi hwokusingaperi waDavidi (**D&Z** 132:39).

BATOROMEO. *Onawo* Natanaeri

MuTestamente Itsva, mumwe weVaapositori vekutanga vaneGumi neVaviri vekutanga vaJesu Kristu (Mat. 10:2–4).

BENJAMINI, BABA WAMOSAYA.

Onawo Mosaya, Mwanakomana waBenjamini

Muporofita naMambo wemuBhuku raMormoni (Mosaya 1–6).

Akarwisana nezvipingamupinyi zviku-mukuisa runyararo munyika, **Omu.** 1:23–25 (Mazwi 1:12–18). Akadzidzisa vanakomana vake, **Mosaya** 1:1–8. Akagadza umambo pamwanakomana wake Mosaya, **Mosaya** 1:9–18. Vanhu vake vakaungana kuti vanzwe hurukuro yake yekupedzisira, **Mosaya** 2:1–8. Akataura kuvanhu vake, **Mosaya** 2:9–4:30. Vanhu vake vakaita chibvumirano naIshe, **Mosaya** 5–6.

BENJAMINI, MWANAKOMANA

WAJAKOBO. *Onawo* Israeri;

Jakobo, Mwanakomana waIsaka

MuTestamente yaKare, mwanakoma-

na wechipiri waJakobo naRakeri (Gen. 35:16–20).

Rudzi rwaBenjamini: Jakobo akaropafadza Benjamini (Gen. 49:27). Zvizvarwa zvaBenjamini zvaive zverudzi rwaida zvehondo. Vaviri vaikosha verudzi rwaBenjamini vaive Sauro, mambo wekutanga wemaIsraeri (I Sam. 9:1–2), naPauro, Muapostori wemu-Testamente Itsva (VaR. 11:1).

BERSHAZARI. *Onawo* Baberi, Babironi

MuTestamente yaKare, Mambo wekupedzisira weBabironi, aitonga Koreshi asati akurira Babironi; mwanakomana akagara nhaka yaNebukadnezari (Dan. 5:1–2).

BETANIA

Mumusha makagara Jesu Kristu svondo rekupedzisira reupenyu hwake hwenyama (Mat. 21:17; Marko 11:11). Waive kumaodzanyemba kwakadziva kumbvazuva kwemawere egomo rainzi Gomo reMiorivi, Betania waive uri musha waRazaro, Maria, naMarta (Joh. 11:1–46; 12:1).

BETERI

MuchiHeberu, zvinoreva kuti “imba yaMwari” iri imwe yenzvimbo dzinoreswa kwazvo muIsraeri. Inowanikwa mamaera angangosvika gumi kuchamhembe kweJerusarema. Pano apa ndipo pakavaka Abrahamu artari yake panguva yaakatanga kusvika muKanani (Gen. 12:8; 13:3). Pano Jakobo akaona muchiratidzo manera aisvika kudenga (Gen. 28:10–19). Yaivewo iri nzvimbo tsvene mumazuva aSamueri (I Sam. 7:16; 10:3).

BETREHEMA

Kaguta kadiki kari mamaira mashanu kuchamhembe kweJerusarema. MuchiHeberu, BetreHEMA zvinoreva kuti “imba yechingwa;” inodaidzwawo kuti Efrati, zvichireva kuti “izere michero.” Jesu Kristu akazvarirwa mu BetreHEMA (Mika 5:2; Mat. 2:1–8). Ndiyo nzvimbo yakavigwa Rakeri (Gen. 35:19; 48:7).

Rute naBoazi vaigaramo, **Rute** 1:22. Samueri akazodza Davidi ipapo, **I Sam.** 16:1–13; 17:12, 15; 20:6, 28. Herode ndiko kwaaita kuti vana vauraiwe, **Mat.** 2:16.

BHABHATIDZA.

Onawo

Kuberekwa naMwari,
Kuberekwa patsva; Mweya
Mutsvene; Rubhabhatidzo
rwepwere; Zvisungo

Kubva muzwi rechiGiriki rinoreva “kunyika” kana “kunyudza.” Rubhabhatidzo rwekunyudza mumvura nemunhu ane mvumo ndicho chisungo chekutanga chevhangeri uye chiri chakafanira kuti uve nhengo yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Zvinotungamirwa nerutendo muna Jesu Kristu nekutendeuka. Zvakafanira kuteverwa nokugashira chipo cheMweya Mutsvene kuti zvikwane (2 Ni. 31:13–14). Rubhabhatidzo rwemvura neMweya rwunofanirwa munhu asati apinda muumambo hwepamusoro-soro. Adama ndiye wekutanga kubhabhatidzwa (Mos. 6:64–65). Jesu naiyewo akabhabhatidzwa kuzadzikisa kwose kururama nokuratidza nzira kumarudzi ose evanhu (Mat. 3:13–17; 2 Ni. 31:5–12).

Nokuti vose vari pasi pano havana mukana wekutambira vhangeri munguva yeupenyu hwavo hwenyama, Ishe vakabvumira rubhabhatidzo rwevakafa rwuchiitwa nevamiririri. Naizvozvo, avo vanogashira vhangeri vari munyika yemweya vanogona kukodzera kupinda muumambo hwaMwari.

Zvinofanira: Bvumai kuti zvive saizvozvo zvino kuti kuzadzikiswe kururama kwose, **Mat.** 3:15. Jesu akauya uye akabhabhatidzwa naJohane, **Marko** 1:9. VaFarise nemagweta vakaramba kurairwa naMwari, vasingabhabhatidzwe, **Ruka** 7:30. Kunze kwekunge munhu azvarwa nemvura neMweya, haangapinde muumambo hwaMwari, **Joh.** 3:5. Tendeukai, uye mubhabhatidzwe mumwe nomumwe wenyu, **Mabasa** 2:38. Anorayira vose vanhu

kuti vakafanira kubhabhatidzwa muzita rake, **2 Ni.** 9:23–24. Vanhu vakafanira kutevera Kristu, vobhabhatidzwa, votambira Mweya Mutsvene, uye voshingirira kusvika kumagumo kuti vaponeswe, **2 Ni.** 31. Dzidziso ya-Kristu inoti vanhu vakafanira kudaira uye vobhabhatidzwa, **3 Ni.** 11:20–40. Avo vasingatende mazwi enyu uye vasingabhabhatidzwe mumvura muzita rangu vacharaswa, **D&Z** 84:74. Mwari akatsanangura kuna Adama kuti sei kutendeuka nerubhabhatidzo zvirivino zvinofanirwa kuitwa, **Mos.** 6:52–60.

Rubhabhatidzo nokunyudzwa: Jesu, paakabhabhatidzwa, akabva abuda mumvura pakarepo, **Mat.** 3:16 (Marko 1:10). Johane aibhabhatidza nokuti pakange paine mvura zhinji ipapo, **Joh.** 3:23. Firipo nemuranda vakadzika vakaenda mumvura, **Mabasa** 8:38. Tinovigwa naye murubhabhatidzo, **VaR.** 6:4 (VaKoro. 2:12). Teverai Ishe wenyu neMuponesi wenyu pasi mumvura, **2 Ni.** 31:13. Aruma, Herami, nevamwe vakavigwa mumvura, **Mosaya** 18:12–16. Uye ipapo muchavanyudza mumvura, **3 Ni.** 11:25–26. Nzira kwayo yerubhabhatidzo inotsanangurwa, **D&Z** 20:72–74. Vakabhabhatidzwa nokutevedza tsika yekuvigwa kwake, vachivigwa mumvura muzita rake, **D&Z** 76:50–51. Adama akaradzwa pasi pemvura uye akaburitswa mumvura, **Mos.** 6:64. Rubhabhatidzo rwunoitwa nekunyudzwa kuregererwa zvitadzo, **Mis. yeCh.** 1:4.

Rubhabhatidzo rwekuregererwa kwezvitadzo: Simukai mubhabhatidzwe, uye musuke zvitadzo zvenyu, **Mabasa** 22:16. Mushure mekubhabhatidzwa kunouya kuregererwa kwezvitadzo zvenyu nemoto neMweya Mutsvene, **2 Ni.** 31:17. Uyayi mubhabhatidzwe mukutendeuka kuti musukwe zvitadzo zvenyu, **Aru.** 7:14. Vakaropafadzwa avo vachadaira uye vagobhabhatidzwa, nokuti vachagashira kuregererwa kwezvitadzo zvavo, **3 Ni.** 12:1–2. Taurai pachena kutendeuka nerutendo kuMuponesi nokuregererwa kwezvitadzo neru-

bhabhatidzo, **D&Z** 19:31. Tinotenda bhabhatidzo yekunyudza kuti zvitadzo zvireregere, **Mis. yeCh.** 1:4.

Mvumo chaiyo: Endai imi munodzidzisa marudzi ose, muchibhabhatidza muzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, **Mat.** 28:19 (**D&Z** 68:8). Rimuhai nevazhinji vevanhu vake vaidi kuti vabhabhatidzwe, asi hamuna akange ari munyika iyi aive nemvumo yaibva kuna Mwari, **Mosaya** 21:33. Ndinokupai simba rokuti muchabhabhatidza, **3 Ni.** 11:19–21. Hupirisita hwaAroni hune makiyi ekubhabhatidza kwekunyudza kuti zvitadzo zvireregere, **D&Z** 13:1. Ndivo avo vakagadzwa neni kuti vabhabhatidze muzita rangu, **D&Z** 18:29. Johane Mubapatidzi akapa Joseph Smith na-Oliver Cowdery mvumo yekubhabhatidza, **Nh—JS** 1:68–69.

Kodzero yerubhabhatidzo: Tendeukai imi, uye mubhabhatidzwe muzita reMwanakomana wangu Andinodisisa, **2 Ni.** 31:11. Makafanira kutendeuka mugozvarwa patsva, **Aru.** 7:14. Onai kuti hamuna kubhabhatidzwa musina kukodzera, **Morm.** 9:29. Dzidzisa vabereki kuti vanofanira kutendeuka uye vobhabhatidzwa uye vozvireruka, **Moro.** 8:10. Zvikodzerwa zveavo vanoda kubhabhatidzwa zvakatsanangurwa, **D&Z** 20:37. Vana vadiki vachabhabhatidzwa kuti varegererwe zvitadzo zvavo kana vave nemakore masere ekuberekwa, **D&Z** 68:25, 27.

Zvibvumirano zvinoitwa nekubhabhatidzwa: Makapinda muchibvumirano naye chekuti muchamushandira nekuchengeta mirairo yake, **Mosaya** 18:8–10, 13. Avo vanotendeuka, vanotora zita raKristu, vozvimisira pakumushandira vachatambirwa norubhabhatidzo, **D&Z** 20:37.

Rubhabhatidzo rwevakafa: Vachaita sei-ko avo vanobhabhatidzirwa vakafa, **I VaKori.** 15:29. Rubhabhatidzo rwevakafa rwunoitirwa kuregererwa kwezvitadzo, **D&Z** 124:29; 127:5–9; 128:1; 138:33.

Rubhabhatidzo harwusi rwevacheche: Kunyomba kukuru kwazvo pamberi paMwari kuti mubhabhatidze vana vadiki, **Moro**. 8:4–23. Vana vadiki vachabhabhatidzwa kana vave nemakore masere ekuberekwa, **D&Z** 68:27. Vose vana vadiki vanofa vasati vasvitisa makore ekugona kuzvifungira vanoponeswa muumambo hwepamusoro-soro, **D&Z** 137:10.

BHAIBHERI. *Onawo* Apokirifa; Efraimi—Rukuni rwaEfraimi kana Josefa; Juda—Rukuni rwaJuda; Magwaro Matsvene; Mamwe Magwaro; Testamente Itsva; Testamente yaKare; Zvinyorwa zvinoera

Zvinyorwa zvechiHeberu nechikristu zvine zvakazarurwa zvitvene. Izwi rinoti *bhaibheri* rinoreva kuti “mabhuku.” Bhaibheri ibasa revaporofita vakawanda nevanyori vakafemerwa vachishanda vari pasi peMweya Mutsvene (II Pet. 1:21).

Bhaibheri rechiKristu rine zvikamu zviviri zvinozivikanwa seTestamente yaKare neTestamente Itsva. Testamente yaKare ine mabhuku emagwaro matsvene aishandiswa mukati memaJuda eFiristia enguva dzehushumiri hwaIshe munyama. Testamente Itsva ine zvinyorwa zvinguva yeVaapostori zvichitorwa sezvine hutsvene nesimba remagwaro matsvene evaJuda. Mabhuku eTestamente yaKare akatorwa kubva muzvinyorwa zverudzi zvinotaura nezvezvinhu zvezmazana nemazana emakore uye zviri zvakanorwa zvose zvazvo nechicheberu, pane rimwe divi mabhuku eTestamente Itsva ibasa rechizvarwa chimwechete uye akanyorwa kazhinji nechigiriki.

MuTestamente yaKare izwi rinoti *testamente* rinomirira izwi rechiHeberu rinoreva “chibvumirano.” Chibvumirano Chakare murau wakapiwa kuna Mosesi apo maIsraeri akaramba kazara kwevhangeri raive nevanhu vaMwari kubvira pakutanga kweupe-nyu hwenyama. Chibvumirano Chitsva

ivhangeri sekudzidziswa kwarakaitwa naJesu Kristu.

MuBhaibheri rechiHeberu (Testamente yaKare) mabhuku akanga akaiswa muzvikamu zvitatu: Murau, Maporofita, neZvinyorwa. Bhaibheri rinoshandiswa neMaKristu epasi rose rinoisa mabhuku muzvikamu maererano nemusoro wenhau, zvakaita senhorowondo dzezvinyorwa zvekare, nhetembo, nezviporofita.

Mabhuku eTestamente Itsva anowanzo rongwa sezvizvi: Mabhuku eVhangeri mana neMabasa eVaapostora; magwaro aPauro; magwaro anobata zvakasiyana-siyana aJakobo, Petro, Johane, naJudasi; neZvakazarurwa zvaJohane.

Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira rino yeresa nekuremekedza Bhaibheri nekusimbisawo kuti Ishe anoramba achipa zvakazarurwa zvitva kuburikidza nevaporofita vake mumazuva ekupedzisira zvinotsigira nokuratidza zvinotaurwa mubhaibheri pamusoro pekushanda kwaMwari nemarudzi evanhu.

Rukuni rwaJuda (Bhaibheri) nerukuni rwaJosefa (Bhuku raMormoni) zvichave chimwechete muruoko rwaIshe, **Ezk.** 37:15–20. Huchokwadi hweBhaibheri huchamiswa nemagwaro emazuva ekupedzisira, **1 Ni.** 13:38–40. Bhaibheri richabatanidzwa neBhuku raMormoni mukuuraya dzidziso yenhema, **2 Ni.** 3:12. Bhaibheri! Bhaiberi! Tine Bhaibheri, **2 Ni.** 29:3–10. Vose vanodaira Bhaibheri vachadairawo Bhuku raMormoni, **Morm.** 7:8–10. Magosa vachadzidzisa zvido zvevhangeri rangu, zviri muBhaibheri nemuBhuku raMormoni, **D&Z** 42:12. Tinodaira kuti Bhaibheri ishoko raMwari kana riri radudzirwa nemazvo, **Mis.** yaCh. 1:8.

BHAIBHERI, DUDZIRO

YAJOSEPH SMITH (DJS) *Ona*
Dudziro yaJoseph Smith (DJS)

BHISHOPI. *Onawo* Hupirisita
hwaAroni

Zvinoreva kuti “mutariri,” hofisi kana

chinzvimbo chebasa. Hubhishopi chinzvimbo chinogadzwa muHupirisita hwaAroni (D&Z 20:67; 107:87–88), uye bhishopi mutongi ari mulsaeri (D&Z 107:72, 74).

Mweya Mutsvene wakakuitai vatariri, **Mabasa** 20:28. Zvikodzerwa zvakamisirwa mabhishopi, **I Tim.** 3:1–7 (Tito 1:7). Bhishopi anofanira kugadzwa, **D&Z** 20:67. Edward Partridge aifanira kushanda sabhishopi weChechi, **D&Z** 41:9. Bhishopi anoongorora zvipo zve-mweya, **D&Z** 46:27, 29. Mupirisita wepamusoro anokwanisa kutora nzvimbo yabhishopi, **D&Z** 68:14, 19 (D&Z 107:17). Bhishopi anosarudzwa nalshe, **D&Z** 72:1–26. Bhishopi anofanira kuchengeta varombo, **D&Z** 84:112. Bhishopi anofanira kutarisa zvose zvinhu zvenyama, **D&Z** 107:68. Bhishopi ndiye mukuru weHupirisita hwaAroni, **D&Z** 107:87–88.

BHISHOPI ANOTUNGAMIRA

Bhishopi wepamusoro muChechi. Ane basa kwose-kwose muugaro hwenyama muChechi (D&Z 107:68). Bhishopi anotungamira nevabatsiri vake, vari vatungamiri vanemvumo, vanotungamira veHupirisita hwaAroni muChechi (D&Z 68:16–17; 107:76, 87–88).

Edward Partridge anofanira kugadzwa kuve bhishopi, **D&Z** 41:9. Mabhishopi anofanira kudaidzwa agafadzwa neveHutungamiri hweKutanga, **D&Z** 68:14–15. Zvizvarwa zvaAroni, vari matangwe, vane mvumo yekutungamira kana vadaidzwa, vakagadzwa neveHutungamiri hwekutanga, nokusimbiswa, **D&Z** 68:16, 18–20. Vanotongwa pamberi peve Hutungamiri hweKutanga chete, **D&Z** 68:22–24 (D&Z 107:82).

BHUKU RAMORMONI. *Onawo*

Efraimi—Rukuni rwaEfraimi kana Josefa; Magwaro Matsvene; Mahwendefa; Mahwendefa eGoridhe; Mormoni, Muporofita wechiNifai; Smith, Joseph, Mwana; Vapupuri veBhuku raMormoni; Zvinyorwa zvinoera Rimwe remabhuku mana emagwaro

matsvene rakagashirwa neChechi ya-Jesu Kristu yaVatendi vaMazuva Eku-pedzisira. Chidimbu chakaitwa nemuporofita wepachigire ainzi Mormoni chezvinyorwa zvevanhu vepasi chigare veAmerica. Zvakanyorwa kuti zvipo-pure kuti Jesu ndiKristu. Maererano nezvinyorwa zvino, Muporofita Joseph Smith, akazvidudzira nechipo nesimba raMwari, akati: “Ndakataurira hama dzose kuti Bhuku raMormoni ndiro rakanyorwa nemazvo kupfuura mamwe mabhuku ose pano pasi, uye riri iro musimboti wechitendero chedu, uye munhu anogona kuswederwa pedyo naMwari nekuteerera mirairo yacho, kupfuura rimwe bhuku ripi zviro” (ona chisumo pakutanga kweBhuku raMormoni).

Bhuku raMormoni zvinyorwa zveku-namata kwezvikiwata zvitatu zvevanhu vakabva kuNiyika yaKare vachienda kumaAmerica. Zvikiwata izvi zvaitungamirwa nemaporofita vainyora nhoroono yekunamata kwavo nezvizvarwa zvavo pamanhwendefa esimbi. Bhuku raMormoni rinonyora kushanya kwaJesu Kristu kuvanhu vaive muma-America mushure mekumuka kwake kuvakafa. Nguva inokwana mazana maviri emakore kusina hondo ndiyo yakatevedzana nekushanya kwaKristu.

Moronai, muporofita wekupedzisira vemaNifai ainyora zvenhoroono yevanhu, akanama zvinyorwa zvapakupfupikiswa zvevanhu ava uye akazviviga mugore ringangove 421 Kristu azvarwa. Muna 1823, Moronai akamuka kubva kuvakafa akashanyira Joseph Smith uye mushure ndokumupa zvinyorwa zvepasi chigare izvi zvinoera kuti zvidudzirwe zvigouiswa munyika seimwe testamenta yaJesu Kristu.

Josefa muti une zviribereko une mapazi anomhanya pamusoro pemadziro, **Gen.** 49:22–26. Chokwadi chicharauka kubva pasi, **Mpi.** 85:11 (Morm. 8:16; Mos. 7:62). Ishe vachasimudzira mudenga mureza kumarudzi uye vachashinyira kwavari, **Isa.** 5:26. Izwi richataura richibva muvhu, **Isa.** 29:4 (2 Ni. 26:14–17). Chiratidzo chavo vose chaita semazwi

ebhuku rakanamwa, **Isa.** 29:11 (Isa. 29:9–18; 2 Ni. 27:6–26). Rukuni rwaJofesefa nerwaJuda achave serimwechete muruoko rwaIshe, **Ezk.** 37:15–20. Dzimwe hwai ndinadzo, dzisiri dzedangarino, **Joh.** 10:16 (3 Ni. 15:16–24). Bhuku raMormoni neBhaibheri zvichakura pamwechete, **2 Ni.** 3:12–21. Mazwi alshe achashinyira kusvika kumagumo kwepasi, **2 Ni.** 29:2. Ishe vakabvumirana naEnoshi kuti auisse Bhuku raMormoni kumaRamani, **Eno.** 1:15–16. Bhuku raMormoni rakanyorwa kuita kuti tidaire Bhaibheri, **Morm.** 7:9. Bhuku raMormoni richamira seuchapupu hunoroverera nyika, **Eta** 5:4. Bvunzai Mwari kana zvinhu izvi zvisiri zvechokwadi, **Moro.** 10:4. Kristu akapa uchapupu hwekuti Bhuku raMormoni nderechokwadi, **D&Z** 17:6. Bhuku raMormoni rine kuzara kwehangeri raJesu Kristu, **D&Z** 20:9 (D&Z 20:8–12; 42:12). Tinodaira kuti Bhuku raMormoni ishoko raMwari, **Mis. yeCh.** 1:8.

BHUKU REMIRAIRO. *Onawo*

Dzidziso neZvibvumirano;
Zvakazarurwa

Mugore ra1833, zvakazarurwa zvisihoma zvakagashirwa neMuporofita Joseph Smith zvakagadzirwa kuti zvisimbadzwe zvichinzi Bhuku reMirairo yeKutongwa kweChechi raKristu. Ishe vakaramba vachitaura nevaranda vavo, uye kukaunganidzirwa zvimwe zvakaaita kuti kunyorwe zvakazarurwa zvakakudzwa mushure memakore maviri zvichinzi Dzidziso neZvibvumirano.

D&Z 1 yekutanga ndiwo mazwi eku-suma alshe kubhuku remitemo yake, **D&Z** 1:6. Ishe vakakoka vakachenjera kukunda vamwe vose kuti vanyore zvakare zvisihoma zvezvakazarurwa zvavo muBhuku reMirairo, **D&Z** 67:4–9. Vatariri vakasarudzwa kuti vashambadze zvakazarurwa, **D&Z** 70:1–5.

BHUKU RENDANGARIRO.

Onawo Bhuku reUpenyu;
Nhoroondo yezvizvarwa

Bhuku rakatangiswa naAdama umo

makanga makanyorwa mabasa ezvizu-kuru zvake; nezvimwewo zvinyorwa zvakachengetwa nemaporofita nevakavimbika venhengo kubvira panguva iyoyo. Adama nevana vake vaichengeta bhuku rekurangarira, mavainyora nemweya wekutunha, nebhuku rezvizvarwa, raive nenhoroondo yedzinza (Mos. 6:5, 8). Zvinyorwa izvi zvingangove zvinozoshandiswa pakutongwa kwedu kwekupedzisira.

Bhuku rekurangarira rakanyorwa, **Mara.** 3:16–18 (3 Ni. 24:13–26). Vose avo vachawanikwa vasina kunyorwa mubhuku rekurangarira vachashaya nhaka muzuva iroro, **D&Z** 85:9. Vakafa vakatongwa nemabhuku akange akanyorwa mabasa avo, **D&Z** 128:7. Ngatii-sei bhuku rine zvinyorwa zvevakafa vedu, **D&Z** 128:24. Bhuku rekurangarira raichengetwa, **Mos.** 6:5–8. Tine bhuku rekurangarira, **Mos.** 6:46. Abrahamama akaedza kunyorera zvinyorwa vana vake, **Abr.** 1:31.

BHUKU REUPENYU. *Onawo*

Bhuku rendangariro

Mune mamwe manzwiwo Bhuku reUpenyu ndiwo huzere hwepfungwa nemabasa ose emunhu akazara—zvinyorwa zveupenyu hwake. Asika, magwaro matsvene anoti kune zvinyorwa zvinochengetwa kudenga zveavo vanovimbika vakatendeka, kusaniganisa nemazita avo nezvinyorwa zvezviito zvavo zvakarurama.

Ishe vachadzima vatadzi kubva mubhuku ravo, **Eks.** 32:33. Uyo achakunda haazodzimwa kubva mubhuku reupenyu, **Zvaka.** 3:5. Rimwe bhuku rakavhurwa, uye riri bhuku reupenyu, **Zvaka.** 20:12 (D&Z 128:6–7). Mazita evakarurama achanyorwa mubhuku reupenyu, **Aru.** 5:58. Minamato yenyu inonyorwa mubhuku remazita eavo vakatsveneswa, **D&Z** 88:2.

BINDU REEDENI. *Ona* Edeni

BINDU REGETSEMANI. *Ona*
Getsemani

BOAZI. *Onawo* Rute

Murume waRute (Rute 4:9–10); zisekuru raDavidi, mambo weIsraeri (Rute 4:13–17); uye tateguru vaKristu, Mambo weMadzimambo (Ruka 3:32).

BUMBIRO REMUTEMO. *Onawo*
Hurumende; Mutemo

MuDzidziso neZvibvumirano, “Bumbiro remutemo” rinotaura kuChisungo cheMubatanidzwa weNyika dzeAmerica, chakafemerwa kuti kugadzirirwe nzira yekuti vhangeri ridzorerwe.

Mutemo uri muBumbiro remutemo wakafanira kuchengetedzwa, **D&Z** 98:5–6. Ishe akaita kuti Bumbiro remutemo rivepo, **D&Z** 101:77, 80.

CHAKACHENA. *Onawo*

Chakachena nechisina kuchena;
Kutsveneswa

Kusununguka kuchivi kana mhosva; kushaya chaanopomerwa. Munhu anove akachena kana pfungwa dzake noku ita kwake kwachena munzira dzose. Munhu aita chitadzo anogona kuva akachena pamusoro perutendo muna-Jesu Kristu; kutendeuka, nokutambira zvisungo zvevhangeri.

Uyo ane maoko akachena nemwoyo muchena achagashira maropafadzo aIshe, **Mpi.** 24:3–5. Ivai vakachena, avo vanotakura midziyo yaIshe, **Isa.** 52:11 (**D&Z** 133:4–5). Vakaropafadzwa vakachena mumwoyo, **Mat.** 5:8 (3 Ni. 12:8). Zvose zvacho zvinhu zvakachena, fungai pamusoro pezvinhu izvi, **VaF.** 4:8 (Mis. yeCh. 1:13). Mose imi makachena mumwoyo, simudzai misoro yenyu mugashire shoko rinofadza raMwari, **Jak.** 3:2–3. Mungatarise kuna Mwari here pazuva iroro nemwoyo muchena nemaoko akachena? **Aru.** 5:19. Vakachena vasina kana kavara pamberi paMwari, havaikwanisa kutarisa pachivi kunze kwekuchitarisa neruvengo, **Aru.** 13:12. Cheneswai kana sekuchena kwakaita Kristu, **Moro.** 7:48 (Morm. 9:6). Kristu anozvichengetera kwaari vanhu

vakachena, **D&Z** 43:14. Ishe vakatuma kuti imba ivakwe muZioni umo vakachena vachaona Mwari, **D&Z** 97:10–17. Iyi ndiyo Zioni—mwoyo wakachena, **D&Z** 97:21.

CHAKACHENA NECHISINA

KUCHENA. *Onawo* Chakachena;
Hutsvina; Mutemo waMosesi

MuTestamente yaKare, Ishe vakarati-dza kuna Mosesi nekumaIsraeri epasi chigare kuti zvimwe zvekudya zvakati chete ndizvo zvaitorwa kuti zvakachena kana, mune mamwe mazwi, zvinokwanisa kudyiwa. Mutsauko wakaitwa nemalsraeri pakati pekudya kwakachena nekusina kuchena wakakonzera zvinhu zvikuru mukunamata kwavo nemuupenyu hwavo. Dzimwe mhuka, shiri, nehove dzainzi dzakachena uye dzichibvumidzwa kudyiwa, asi dzimwe dzakange dzisina kuchena uye dzairambidzwa (**Rev.** 11; **Deut.** 14:3–20). Vamwe vanhu vaive nezvirwere vainzi havana kuchena.

Kana zvichitarisiswa pamweya, kuve wakachena kuve usina chitadzo nezvido zvakaipa. Mupfungwa iyi izwi iri rinoshandiswa kutsanangura munhu anetsika uye aine mwoyo mutsvene (**Mpi.** 24:4). Vanhu vaMwari veChibvumirano chaMwari nguva dzose vane zvavanoudzwa kuti vave vakachena (3 Ni. 20:41; **D&Z** 38:42; 133:5).

Uyo ane maoko akachena nemwoyo usina chakaipa achakwira muchikomo chaIshe, **Mpi.** 24:3–5. Usadaidze munhu kuti pasina kana asina kuchena, **Mabasa** 10:11–28. Mungatarise here kumusoro kuna Mwari muzuva iroro nemwoyo mutsvene nemaoko akachena here? **Aru.** 5:19. Ishe vacharanga Zioni kudakara yachena, **D&Z** 90:36. Ivai vakachena imi munotakura midziyo yaIshe, **D&Z** 133:4–5, 14 (**Isa.** 52:11).

CHECHI, HURU

INONYANGADZA. *Ona*
Dhiabhorosi—Chechi
yadhiabhorosi

CHECHI, ZITA RE. *Onawo*

Mormoni; Chechi ya Jesu Kristu;
Chechi ya Jesu Kristu ya Vatendi
va Mazuva Ekupedzisira

MuBhuku raMormoni, apo Jesu Kristu akashanyira maNifai akarurama chinguvana abva mukumuka kuvakafa, akati Chechi yake yakafanira kutakura zita rake (3 Ni. 27:3–8). Munguva dzino Ishe vakaburitsa zita reChechi kuti inzi “Chechi ya Jesu Kristu ya Vatendi va Mazuva Ekupedzisira” (D&Z 115:4).

CHECHI, ZVIRATIDZO

ZVEYECHOKWADI. *Onawo*
Chechi ra Jesu Kristu; Chechi
ya Jesu Kristu ya Vatendi
va Mazuva Ekupedzisira;
Zviratidzo

Zvidzidziso nemabasa eChechi anoratidza kuti yakatenderwa naMwari uyezve iri nzira yakaisirwa naIshe vana vavo kuti wavane kuzara kwemaporafadzo avo. Zvimwe zvezviratidzo zveChechi yechokwadi zvakadai:

Kunzwisisa nemazvo nezveMusoro wehuMwari: Mwari vakasika munhu mumufananidzo wavo, **Gen.** 1:26–27. Ishe vakataura naMosesi vakatarisana, **Eks.** 33:11. Upenyu hwokusingaperi kuziva Mwari Baba naJesu Kristu, **Joh.** 17:3. Baba neMwanakomana vane miviri yenyama nemapfupa, **D&Z** 130:22–23. Baba uye neMwanakomana vakazviratidza kuna Joseph Smith, **Nh—JS** 1:15–20. Tinotenda muna Mwari, Vokusingaperi Baba, **Mis. yeCh.** 1:1.

Hurongano hwekutanga nezvisungo: Kunze kwekunge munhu azvarwa nemvura neMweya, **Joh.** 3:3–5. Tendeukai uye mubhabhatidzwe, mumwe nomumwe wenyu, muzita raJesu Kristu, **Mabasa** 2:38. Zvino vakaisa maoko avo pavari, uye vakagashira Mweya Mutsvene, **Mabasa** 8:14–17. Ivai vana vaMwari kuburikidza nerutendo muna Jesu Kristu, **VaG.** 3:26–27. Tendeukai imi, uye mubhabhatidzwe muzita reMwanakomana wangu Andinodisira, **2 Ni.** 31:11–21. Avo vakatenda vakabhabhatidzwa uye

vakatambira Mweya Mutsvene nekugadzwa maoko, **D&Z** 76:50–53. Hupirisita chaihwo hunodiwa kubhabhatidza nekupa chipo cheMweya Mutsvene, **Nh—JS** 1:70–72. Misimbotti yekutanga nezvisungo zvevhangeri zvinotsanangurwa, **Mis. yeCh.** 1:4.

Zvakazarurwa: Pasina chiratidzo, vanhu vanoparara, **Zir.** 29:18. Ishe vanoburitsa zvakavandika zvavo kuvaporofita vavo, **Amosi** 3:7. Chechi inovakwa pamusoro pedombo rezvakazarurwa, **Mat.** 16:17–18 (D&Z 33:13). Nhamo kune uyo achati Ishe havachashanda nezvakazarurwa, **3 Ni.** 29:6. Zvakazarurwa nemitemo zvinouya chete kuburikidza nekuna iye akamiswa, **D&Z** 43:2–7. Tinodaira zvose zvakaiswa pachena naMwari, **Mis. yeCh.** 1:9.

Vaporofita: Chechi yakavakwa pahwaro hweVaapositori nemaporofita, **VaE.** 2:19–20. Vaapositori nemaporofita vanokosha muChechi, **VaE.** 4:11–16. Joseph Smith akadaidzwa kuti azove muoni, muporofita, neMuapositori, **D&Z** 21:1–3. Tinodaira mumaporofita, **Mis. yeCh.** 1:6.

Mvumo: Jesu akapa vadzidzi vake simba nemvumo, **Ruka** 9:1–2 (Joh. 15:16). Nifai, mwanakomana waHiramani, aive nemvumo huru kubva kuna Mwari, **Hir.** 11:18 (3 Ni. 7:17). Muporofita achatambira mitemo yeChechi, **D&Z** 21:4–5. Hapana angaparidze vhangeri kana kuvaka Chechi kunge kwekunge ari akagadzwa nemumwe ane mvumo, **D&Z** 42:11. Magosa ndivo vanoparidza vhangeri, vachishanda vari mumvumo, **D&Z** 68:8. Wose anoparidza kana kushandira Mwari akafanira kunge adaidzwa naMwari neavo vane mvumo, **Mis. yeCh.** 1:5.

Mamwe magwaro matsvene Pamusoro peaya achauya: Rukuni rwaJuda ruchabatanidzwa nerukuni rwaJosefa, **Ezk.** 37:15–20. Kuuya kwemagwaro matsvene emazuva ekupedzisira kwakafantaurwa, **1 Ni.** 13:38–41. Tinodaira kuti Mwari vachaburitsa zve zvimwe zvinhu zvikuru uye zvinokosha, **Mis. yeCh.** 1:9.

Kurongwa KweChechi: Chechi inovakwa pahwaro hweVaapositori nevaporofita, **VaE.** 2:19–20. Vaapositori nevaporofita vanokosha kuChechi, **VaE.** 4:11–16. Kristu ndiye musoro weChechi, **VaE.** 5:23. Chechi yaKristu inofanira kudaidzwa nezita rake, **3 Ni.** 27:8. Tinotenda mukurongwa kumwecheteko kwakanga kuriko muChechi yeChinyakare, **Mis. yeCh.** 1:6.

Basa reHushumiri: Endai imi naizvozvo, munodzidzisa ose marudzi, **Mat.** 28:19–20. Makumi manomwe vakadaidzwa kuparidza vhangeri, **Ruka** 10:1. Vakanga vachida kuti ruponeso rwushambadzwe kuchisikwa chega-chega, **Mosaya** 28:3. Magosa anofanira kuenda, achiparidza vhangeri rangu, vari vaviri vaviri, **D&Z** 42:6. Vhangeri rinofanira kuparidzwa kuchisikwa chega-chega, **D&Z** 58:64.

Zvipo zveMweya: Vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, **Mabasa** 2:4. Magosa anoporesa vanorwara, **Jkb.** 5:14. Musarambe zvipo zvaMwari, **Moro.** 10:8. Zvipo zveMweya zvakanyorwa, **D&Z** 46:13–26 (I **VaKori.** 12:1–11; **Moro.** 10:9–18).

Matemberi: Ndichaita chibvumirano uye ndigoisa nzvimbo yangu pakati pavo narinhi, **Ezk.** 37:26–27. Ishe vachangoyerekana vauya kutemberi yavo, **Mara.** 3:1. Nifai akavaka temberi, **2 Ni.** 5:16. Vatendi vakarangwa pamusana pekutadza kuvaka imba yaIshe, **D&Z** 95 (D&Z 88:119). Vanhu vaIshe nguva dzose vaivaka matemberi ekuitira zvisungu zvitsvene, **D&Z** 124:37–44. Kuvaka matemberi nokuita zvisungu zvimwe zvikuru zvebasa remazuva ekupedzisira, **D&Z** 138:53–54.

CHECHI HURU UYE
INONYANGADZA. *Ona*
Dhiabhorosi—Chechi
yadhiabhorosi

CHECHI INONYANGADZA. *Ona*
Dhiabhorosi—Chechi
yadhiabhorosi

CHECHI YA JESU KRISTU. *Onawo*
Chechi, zita re; Chechi,
Zviratidzo zvereChokwadi;
Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi
vaMazuva Ekupedzisira;
Kudzorerwa pakare
kwevhangeri; Mutendi; Umambo
hwaMwari kana Umambo
hwoKudenga

Chikwata chakarongwa chevatendi avo vakatora pavari zita raJesusu Kristu nekubhabhatidzwa nekusimbiswa. Kuti ive Chechi yechokwadi yakafanira kuve Chechi yaishe; yakafanira kuve nemvumo yavo, dzidziso, mitemo, zvisungu, nezita; uye rakafanira kutongwa naiye nemune avo vanomumirira avo vaakasarudza.

Ishe vaipamhidzira kuChechi zuva nezuva, **Mabasa** 2:47. Isu, tiri takawanda, tiri muviri mumwechete munaKristu, **VaR.** 12:5. NeMweya mumwechete tose takabhabhatidzwa mumviri mumwechete, **I VaKori.** 12:13. Chechi yakavakwa pahwaro hweVaapositori nemaporofita, **VaE.** 2:19–20. Vaapositori nemaporofita vanokosha kuChechi, **VaE.** 4:11–16. Kristu ndiye musoro weChechi, **VaE.** 5:23. Zvisinei kuti kwakange kuine Chechi dzakawanda, dzose dzaive Chechi imwechete, **Mosaya** 25:19–22. Chechi yakacheneswa ikagadziridzwa, **Aru.** 6:1–6. Chechi yaKristu inofanira kudaidzwa nezita rake, **3 Ni.** 27:8. Chechi yaisangana pamwechete nguva nenguva kuti vatsanye nokunamata nekutaura, **Moro.** 6:5. Ino ndiyo chete Chechi yechokwadi uye mhenyu, **D&Z** 1:30. Chechi yaKristu yakamuka mumazuva ano ekupedzisira, **D&Z** 20:1. Ishe anodaidza varanda vake kuti vavake Chechi yake, **D&Z** 39:13. Nokuti ndiko kudaidzwa kuchaitwa Chechi yangu mumazuva ekupedzisira, **D&Z** 115:4.

CHECHI YA JESU KRISTU
YAVATENDI VAMAZUVA
EKUPEDZISIRA. *Onawo* Chechi,
zita re; Chechi, Zviratidzo
zvereChokwadi; Chechi raJesusu

Kristu; Kudzorera pakare
kwevhangeri

Zita rakapiwa Chechi yaKristu muma-
zuva ekupedzisira kuisiyanisa kubva
kuChechi mumikuwo mimwe yevha-
ngeri (D&Z 115:3–4).

Ishe vachadira pasi ruzivo kuVatendi
vaMazuva Ekupedzisira, **D&Z** 121:33.
Joseph Smith ndiye muporofita nemu-
oni weChechi yaJesusu Kristu yaVatendi
vaMazuva Ekupedzisira, **D&Z** 127:12.
Zuva guru ralshe rave pedyo kuVate-
ndi vaMazuva Ekupedzisira, **D&Z**
128:21, 24. Joseph Smith akayamura
kuunganidza Vatendi vaMazuva
Ekupedzisira, **D&Z** 135:3. Zvikwata
zvaVatendi vaMazuva Ekupedzisira
zvicharongwa kuti vaende parwendo
rwekunyika iri madokero kweUnited
States, **D&Z** 136:2. Mitemo yekuwa-
nana ichaiswa pachena kuVatendi
vaMazuva Ekupedzisira, **D&Z** Chire-
vo—1. Hufundisi hunopiwa kune
nhengo dzose dzakakodzera dzechi-
rume dzeChechi yaJesusu Kristu yaVa-
tendi vaMazuva Ekupedzisira, **D&Z**
Chirevo—2. Nyaya yeChiratidzo Che-
kutanga kune vose Vatendi vaMazuva
Ekupedzisira, **Nh—JS** 1:1.

CHEGUMI. *Onawo* Mari; Mupiro

Chikamu chegumi muzana rezvinowa-
nikwa nemunhu pagore zvinopiwa
kuna Ishe kuburikidza nemuChechi.
Mari yechegumi inoshandiswa kuvaka
dzimba dzechechi nematemberi, kutsi-
gira basa rekushumira, nokuvaka uma-
mbo hwaMwari pano pasi.

Abrahama aipa chegumi chezvinhu
zvose zvaave nazvo kuna Merkizedeki,
Gen. 14:18–20 (VaH. 7:1–2, 9; Aru.
13:15). Chegumi chose ndechaIshe:
chitsvene kuna Ishe, **Rev.** 27:30–34.
Muchabvisa zvechokwadi chegumi
chezvose zvamunopamhidzirwa, **Deut.**
14:22, 28. Chegumi chezvinhu zvose va-
izviunza zvakawanda, **II Mak.** 31:5.
Munhu angabire Mwari here? Ko taka-
kubirai papi? Mune chegumi nemirairo,
Mara. 3:8–11 (3 Ni. 24:8–11). Uyo a-
nbvisa chegumi haazotsva pakuuya

kwake, **D&Z** 64:23 (D&Z 85:3). Imba
yaIshe ichavakwa nekubvisa chegumi
kwevanhu vavo, **D&Z** 97:11–12. Ishe
vakaratidza mutemo wechegumi, **D&Z**
119. Chegumi chinoshandiswa neve-
dare, **D&Z** 120.

CHIBVUMIRANO. *Onawo*

Chibvumirano chaAbrahama;
Chibvumirano Chitsva uye
Chisingaperi; Chitsidzo;
Chitsidzo neChibvumirano
cheHupirisita

Chitenderano pakati paMwari nemu-
nhu, asi havaite sevakaenzana muchi-
bvumirano. Mwari vanopa zviteve-
dzwa muchibvumirano, uye vanhu
votenda kuita zvavanovakumbira kuti
vaite. Mwari zvino vovimbisa vanhu
mamwe maropafadzo pamusana peku-
teerera kwavo.

Misimbote nezvisungo zvinotambi-
rwa nechibvumirano. Nhengo dzeChe-
chi dzinoita zvibvumirano zvakadai
dzinovimbisa kuzvichengeta. Semu-
fananidzo, nhengo dzinobvumirana
naIshe parubhabhatidzo uye vovanu-
dzira zvibvumirano izvozvo mukutora
sakaramende. Vanoita zvimwe zvi-
bvumirano mutemberi. Vanhu vaIshe
vanhu vechibvumirano uye vanoropa-
fadzwa zvikuru apo vanochengetedza
zvibvumirano zvavo naIshe.

Nemi ndichamisa chibvumirano cha-
ngu, **Gen.** 6:18. Chengetedzai chibvu-
mirano changu; ipapo muchave pfuma
inoshamisa, **Eks.** 19:5. Mubaita chibvu-
mirano navo kana navamwari vavo,
Eks. 23:32. Chengetedzai sabata sechi-
bvumirano chisingagume, **Eks.** 31:16.
Handimbotyora chibvumirano changu
nemi, **Vat.** 2:1. Vatendi vangu vakaita
chibvumirano neni nekuzvipira, **Mpi.**
50:5 (D&Z 97:8). Yeukai chibvumirano
chavo chitsvene, **Ruka** 1:72 (D&Z
90:24). Simba raMwari rakaburukira
pavanhu vechibvumirano chaIshe, **1 Ni.**
14:14. Chibvumirano chakaitwa na-
Abrahama chichazadzikiswa mumazu-
va ekupedzisira, **1 Ni.** 15:18 (3 Ni. 16:15,
11–12; 21:7; **Morm.** 9:37). Vanhu va-
Benjamini vakanga vachida kupinda

muchibvumirano naMwari kuti vaite kuda kwavo, **Mosaya** 5:5. Rubhabhatidzo uchapupu hwekuti munhu apinda muchibvumirano naMwari kuti aite kuda kwavo, **Mosaya** 18:13. Muri vana vechibvumirano, **3 Ni**. 20:25–26. Ngirozi dzinozadzikisa dzichiita basa rezvibvumirano chaBaba, **Moro**. 7:31. Kudeuka kweropa raKristu chibvumirano, **Moro**. 10:33. Wose munhu weChechi ino yaKristu achateerera kuchengetedza zvose zvizvumirano, **D&Z** 42:78. Vakapafadzwa avo vakachengetedza chibvumirano, **D&Z** 54:6. Uyo anotyora chibvumirano ichi acharasikirwa nenzvimbo yake nechimiro chake muChechi, **D&Z** 78:11–12. Vose avo vanogashira hupirisita vanogashira kupika kuno nechibvumirano, **D&Z** 84:39–40. Vanoda kuchengetedza zvizvumirano zvavo nekupira, **D&Z** 97:8. Chibvumirano cheroorano chinogona kuve chekusingaperi, **D&Z** 132. Ichi ndicho chichave chibvumirano chedu, kuti tichafamba muzvisungo zvose, **D&Z** 136:4.

CHIBVUMIRANO

CHAABRAHAMA. *Onawo*
Abraham; Chibvumirano;
Kudzingiswa

Abraham akagashira vhangeri akagadzwa kuhupirisita hwepamusoro (**D&Z** 84:14; **Abr.** 2:11), akapinda muroora tsvene, chinove ndicho chibvumirano chekusimudzirwa (**D&Z** 131:1–4; 132:19, 29). Abraham akatambira vimbiso kuti ose maropafadzo ezvibvumirano izvi achapiwa kumhuri yake yenyama (**D&Z** 132:29–31; **Abr.** 2:6–11). Pamwechete, zvizvumirano izvi nezvivimbiso zvinodaidzwa kuti chibvumirano chaAbraham. Kudzorera kwechibvumirano ichi ndiko kwakave kudzorera kwevhangeri mumazuva ekupedzisira, nokuti kuburikidza nacho ose marudzi epasi anoropafadzwa (**VaG.** 3:8–9, 29; **D&Z** 110:12; 124:58; **Abr.** 2:10–11).

CHIBVUMIRANO CHARINHI

NARINHI. *Ona* Chibvumirano;
Chibvumirano Chitsva uye
Chingaperi

CHIBVUMIRANO CHITSA UYE CHISINGAPERI. *Onawo* Chibvumirano

Kuzara kwevhangeri raJesu Kristu (**D&Z** 66:2). Rinove idzva nguva dzose dzarinoratidzwa patsva mushure mechinguva chekumborasika kwechokwadi chevhangeri. Rinova risingaperi mupfungwa yekuti chitenderano chaMwari uyezve rinovepo mumwaka wose wevhangeri umovanu vanoratidza chido chekugashira. Chibvumirano chitsva uye chisingaperi chakararatidzwa zvakare kuvanhu pano pasi naJesu Kristu kuburikidza nemuporofita Joseph Smith. Chine zvisungo zvinoera zvinoshandiswa nevana mvumo yehupirisita—seku-bhabhatidza neroorano yemutemberi—uyo unopa munhu ruponeso, kusafa, neupenyu hwokusingaperi. Kana vanhu vabvuma vhangeri uye vavimbisa kuchengetedza mirairo yaMwari, Mwari vanobvuma kuvapa maropafadzo echibvumirano chavo chitsva uye chisingaperi.

Ndichamisa chibvumirano changu pakati pangu newe, **Gen.** 17:7. Achave nechibvumirano chehupirisita husingaperi, **Num.** 25:13. Vanhu vakapindura zvisungo uye vakatyora chibvumirano chisingaperi, **Isa.** 24:5 (**D&Z** 1:15). Ndichaita chibvumirano chisingaperi newe, **Isa.** 55:3 (**Jer.** 32:40). Chichave chibvumirano chisingaperi, **Ezk.** 37:26. Ishe vakaita chibvumirano chitsva, chitsaru chikapfuura, **VaH.** 8:13. Jesu ndiye munyai wechibvumirano chitsva, **VaH.** 12:24 (**D&Z** 76:69). Icho ndicho chibvumirano chitsva chisingaperi, **D&Z** 22:1. Ndatumira chibvumirano changu chisingaperi pasi, **D&Z** 45:9 (**D&Z** 49:9). Ishe vakatumira kuzara kwevhangeri ravo, chibvumirano chavo chisingaperi, **D&Z** 66:2 (**D&Z** 133:57). Kuti tiwane chinhamo kwepamusoro-soro muumambo hweseresitiyaro, murume akafanira kupinda muchibvumirano chitsva uye chisingaperi chemuchato, **D&Z** 131:1–2.

Chibvumirano chitsva uye chisingaperi chakaitirwa kuzara kwekubwinya kwaIshe, **D&Z** 132:6, 19.

CHIDYO. *Ona* Sakaramende

CHIDZITIRO

Izwi rinoshandiswa mumagwaro matsvene kureva kuti (1) chinopatsanura uriri hwetabernakeri kana temberi, (2) chiratidzo chekupatsanura Mwari nemunhu, (3) kachira katetete kanopekwa nevanhu kufugidza kumeso kwavo kana musoro, kana (4) kukanganwa kwekupiwa naMwari uko kuno dzitira ndangariro dzevanhu dzisazive upenyu hwakateverwa nehuno.

Chidzikatiro chinopatsanura tsvene yehutsvene kubva kunzvimbo tsvene, **Eks.** 26:33. Chidzikatiro chemutemberi chakatsemuka nepakati panguva dzekuroverwa kwaKristu, **Mat.** 27:51 (Marko 15:38; Ruka 23:45). Zvino tave kuona nemugirazi, zvine karima; asi ipapa tichatarisana, **I VaKori.** 13:12. Chidzikatiro chitema chekusatenda chakanga chave kubviswa kubva mupfungwa dzake, **Aru.** 19:6. Mukoma waJaredhi haana kugona kurambidzwa kuona nemuchidzikatiro, **Eta** 3:19 (Eta 12:19). Chidzikatiro chichabvaruka imi mondiona, **D&Z** 67:10 (D&Z 38:8). Chidzikatiro chekufukidza temberi yangu chichabviswa, **D&Z** 101:23. Chidzikatiro chakabviswa mupfungwa dzedu, **D&Z** 110:1. Chidzikatiro cherima chichafukidza nyika, **Mos.** 7:61.

CHIDZITIRO CHEPACHIPFUVA.

Onawo Urimi neTumimi

Magwaro matsvene anotaura ndudzi mbiri dzezvidzitiro zvepachipfuva: (1) Mberi kwehembe dzekuzvidzvirira dzemurwi kana nhumbi dzekurwa. Nekumwe kutaura, vatendi vakafanira kupfeka mahwendefa chepachipfuva chekururama kuti vazvidzvirire kuzvinhu zvakaipa (Isa. 59:17; VaE. 6:14). (2) Nguwo yaipfekwa nemupirisita wepamusoro mumutemo waMosesi (Eks. 28:13–30; 39:8–21). Yakanga yakaitwa

nejira uye iine matombo anokosha gumi nemaviri. Dzimwe nguva inotaurwa nezvayo maererano neUrimi neTumimi (D&Z 17:1; Nh—JS 1:35, 42, 52).

CHIEDZA, CHIEDZA

CHAKRISTU. *Onawo* Chokwadi; Hana; Jesu Kristu; Mweya Mutsvene; Ungwaru

Simba dzvene, simba, kana kurudziro inobva kuna Mwari kuburikidza nekuKristu uye kuchipa upenyu nechiedza kuzvinhu zvose. Ndiwo murau unotonga zvose kudenga nepasi (D&Z 88:6–13). Unobatsirawo vanhu kunzwisisa chokwadi chevhangeri nokuvayamura kuvaisa munzira yevhangeri inoenda kuruponeso (Joh. 3:19–21; 12:46; Aru. 26:15; 32:35; D&Z 93:28–29, 31–32, 40, 42).

Chiedza chaKristu hachina kufanira kutorwa seMweya Mutsvene. Chiedza chaKristu hachizi munhu. Ikudziriro inobva kuna Mwari uye chichigadzirira munhu kugashira Mweya Mutsvene. Ikudziriro yezvakanaka muupenyu hwevanhu vose (Joh. 1:9; D&Z 84:46–47).

Chimwe chiratidzo chechiedza chaKristu ipfungwa, inoyamura munhu kusarudza pakati pechakanaka nechakaipa (Moro. 7:16). Sekudzidza kunenge kuchiiita vanhu zvizhinji nezvehangeri, pfungwa dzavo dzinotanga kuve dzinodaira (Moro. 7:12–19). Vanhu vanoteerera kuchiedza chaKristu vanotungamirirwa kuvhangeri raJesu Kristu (D&Z 84:46–48).

Ishe ndivo chiedza changu, **Mpi.** 27:1. Ngatifambe tiri muchiedza chalshe, **Isa.** 2:5 (2 Ni. 12:5). Ishe vachave chiedza chanarinhi narinhi, **Isa.** 60:19. Chiedza chechokwadi chinochenesa wose munhu anouya munyika, **Joh.** 1:4–9 (Joh. 3:19; D&Z 6:21; 34:1–3). Ndini chiedza chenyika, **Joh.** 8:12 (Joh. 9:5; D&Z 11:28). Chose zvacho chiri chiedza, chakanaka, **Aru.** 32:35. Kristu ndiye upenyu nechiedza chenyika, **Aru.** 38:9 (3 Ni. 9:18; 11:11; Eta 4:12). Mweya waKristu unopihwa kumunhu wose kuti agoziva chakanaka kubva

kunechakanaka, **Moro.** 7:15–19. Icho chinenge chiri chaMwari chiedza, uye chinokura mukupenya, chopenya kudarika zuva rakakwana, **D&Z** 50:24. Mweya unopa chiedza kumunhu wose, **D&Z** 84:45–48 (**D&Z** 93:1–2). Uyo anochengetedza mirairo yavo anogashira chiedza nechokwadi, **D&Z** 93:27–28. Chiedza nechokwadi zvinosiya uyo akaipa, **D&Z** 93:37.

CHIEDZO. *Onawo* Dhiabhorosi; Kuzvisarudzira; Tsungirira

Kuedzwa kwemunhu kuti anogona here kusarudza zvakanaka achisiya zvakaipa; kukwezverwa kuchitadzo nokutevera Satani panzvimbo yaMwari.

Musatiise mukuedzwa, asi tibvisei mune zvakaipa, **Mat.** 6:13 (3 Ni. 13:12). Mwari havabvumire kuti muedzwe zvamusingagone kutakura, **I VaKori.** 10:13. Kristu akaedzwa sezvatinoitwa isu, **VaH.** 4:14–15. Akaropafadzwa uyo munhu anotsungirira mukuedzwa, **Jkb.** 1:12–14. Zviedzo zvemuvengi hazvingakunde avo vanoteerera kushoko raMwari, **1 Ni.** 15:24 (Hir. 5:12). Munhu haangangoita ega kunze kwekunge akwezvwa nechichi kana nechocho, **2 Ni.** 2:11–16. Rindai muchinamata nguva dzose, kuti musaedzwe kupfura zvamungakwanise kutakura, **Aru.** 13:28. Vadzidzisei kukunda chose chiedzo chadhiabhorosi, nerutendo rwavo munaIshe Jesu Kristu, **Aru.** 37:33. Namatai nguva dzose kuti musaerekane mapinda mukuedzwa, **3 Ni.** 18:15, 18 (**D&Z** 20:33; 31:12; 61:39). Chenjererai kudada, kuti musaerekane mapinda muchiedzo, **D&Z** 23:1. Adama akaenda pasi pekuda kwadhiabhorosi nokuti akabvuma chiedzo, **D&Z** 29:39–40. Ndakasiiwa muzviedzo zvose zvaka-siyana-siyana, **Nh—JS** 1:28.

CHIGARO, MUNHU

ANECHIGARO. *Onawo* Gadza; Hupirisita

Chinzvimbo chine simba kana basa mugungano, kazhinji zvinoshandiswa mumagwaro matsvene kureva chinzvimbo chesimba rehupirisita; zvingango-

revawo kuti mabasa anopiwa kuchigaro kana munhu ane chinzvimbo ichocho.

Dzose nhengo hadzina zvigaro zvakanana, **VaR.** 12:4. Takaremekedza chigaro chedu kuna Ishe, **Jak.** 1:19. Merkizedeki akatambira chinzvimbo chehupirisita hwepamusoro, **Aru.** 13:18. Chigaro chemharidzo yengirozi kudaida vanhu kuti vatendeuke, **Moro.** 7:31. Hakuna munhu achagadzwa kuchinzvimbo chipi zvacho muChechi muno asina kusarudzwa neChechi iyoyo, **D&Z** 20:65. Regai munhu wose amire muchinzvimbo chake, **D&Z** 84:109. Kune vatungamiri, kana vatungamiri vezvigaro, vanotorwa kubva mukati meavo vakagadzwa muzvinzvimbo dzhupirisita huviri uhu, **D&Z** 107:21. Mabasa eavo vanotungamira zvinzvimbo zvezvikwata hupirisita anotsanangurwa, **D&Z** 107:85–98. Regai wose munhu adzidze basa rake, nokushanda muchinzvimbo icho chaaiswa, **D&Z** 107:99–100. Ndinokupai vabati vezvigaro vemuHupirisita hwangu, **D&Z** 124:123.

CHIHEBERU. *Onawo* Israeri

Mutauro wechiSemu waitaurwa nevana valsaeri.

ChiHeberu chaitaurwa nemaIsraeri kudakara kudzoka kwavo kubva muungwa hweBabironi, pari panguva iyoyo pakabva paita chiArami yakabva yave mutauro wekukurukura kwemazuva ose. Munguva dzajesu, chiHeberu chaive mutauro wevakadzidza, wemirau, newezvinyorwa zvechitendero.

CHIKOMBA. *Onawo* Jesu Kristu

Jesu Kristu anofananidzwa mumagwaro matsvene seChikomba. Chechi ndiyo inenge mwenga wake.

Gumi remhandara vakaenda kundosangana neChikomba, **Mat.** 25:1–13. Uyo ane mwenga ndiye Chikomba, **Joh.** 3:27–30. Vakaropafadzwa avo vanodaidzwa kumabiko emuchato weGwayana, **Zvaka.** 19:5–10. Ivai makagadzirira panouya Chikomba, **D&Z** 33:17. Gadzirirai Chikomba, **D&Z** 65:3.

CHIKORO CHEMAPOROFITA.*Onawo* Smith, Joseph, Mwana

MuKirtland, Ohio (USA), nguva dzechando cha1832–1833, Ishe vakatuma Joseph Smith kuti aronge chikoro chebasa rekudzidzisa hama muzvinhu zvose nezvehangeri neumambo hwaMwari. Kubva muchikoro umu kwakuya vazhinji vevatungamiri vekutanga veChechi. Chimwe chikoro chevaporofita kana magosa chaitungamirwa naParley P. Pratt muRuwa rweJackson, Missouri (D&Z 97:1–6). Zvikoro zvakadaro zvakaitwa Vatendi vachangotamira kuMadokero; asika, nechinguvana zvakanga zvaregerwa. Kudzidzisa vhangeri nhasi uno kunoitirwa mumba, muzvikwata zvevapirisita, nemumagungano akasiyana-siyana, nemuzvikoro zveChechi nemaseminari nevabvazero.

Zvitsvene sei mugodzidzisana zvidzidzo zveumambo, **D&Z** 88:74–80. Tsvagai nesimba, mudzidzisane, **D&Z** 88:118–122. Hurongwa hwechikoro chemaporofita hwakamiswa, **D&Z** 88:127–141. Hutungumiri hweKutanga vane kiyi dzekuchikoro chemaporofita, **D&Z** 90:6–7.

CHIKWATA. *Onawo* Hupirisita

Izwi rekuti *chikwata* rinogona kushandiswa munzira mbiri: (1) Chikwata chevarume vane zvinzvimbo zvakafanana muhupirisita. (2) Ruzhinji, kana vashoma venhengo dziri muchikwata chehupirisita mumusangano wekugadzira basa reChechi (D&Z 107:28).

Chikwata cheHutungamiri hweKutanga, vaneGumi neVaviri, neVane Makumi Manomwe nokufambidzana kwavo anotsangangurwa, **D&Z** 107:22–26, 33–34 (D&Z 124:126–128). Zvinofungwa nezvikwata izvi zvakafanira kuve zvinotenderanwa, **D&Z** 107:27. Pfungwa dzechikwata dzakafanira kuitwa mukururama kwose, **D&Z** 107:30–32. Mabasa evatungamiri vezvikwata ehupirisita anotsangangurwa, **D&Z** 107:85–96. Chikwata chemagosa chinoitirwa vapisita vakamiririra, **D&Z** 124:137.

CHINGWA CHEUPENYU. *Onawo*

Jesu Kristu; Sakaramende

Jesu Kristu ndiye Chingwa cheUpenyu. Chingwa chesakaramende serupawo chinomiririra muviri waKristu.

Ndiri chingwa cheupenyu, **Joh.** 6:33–58. Idyai uye munwe chingwa nemvura yeupenyu, **Aru.** 5:34. Chingwa chinodyiwa mukuyeuka muviri waKristu, **3 Ni.** 18:5–7. Chingwa chifungidziro cheniyama yaKristu, **D&Z** 20:40, 77 (Moro. 4:1–3).

CHINHANO CHECHIPIRI. *Ona*

Upenyu hweniyama

CHINONYANGADZA,**CHINYANGADZO.** *Onawo* Chitadzo

Mumagwaro matsvene, chinhu chinokonzera kusemeswa kana ruvengo kune vakarurama nevakachena.

Miromo inonyepa chinyangadzo kuna Ishe, **Zir.** 12:22. Kudada kunonyangadza mumaziso aIshe, **Jak.** 2:13–22. Vakaipa vanoiswa kwavanoona zvinyangadzo zvavo, **Mosaya** 3:25. Upombwe hunonyangadza zvakananyisa kudarika zvitadzo zvose kunze kweumhondi nokuramba Mweya Mutsvene, **Aru.** 39:3–5. Hasha dzaIshe dzinotungidzirwa zvinyangadzo zvavo, **D&Z** 97:24.

CHIPO. *Onawo* Chipu cheMweya

Mutsvene; Zvipo zveMweya

Mwari vanopa munhu maropafadzo akawanda nezvipo.

Kune zvipo zvakanawanda zveMweya, **I VaKori.** 12:4–10. Tsvagai nesimba zvipo zvakanakisisa, **I VaKori.** 12:31. Chose chipu chakarurama chinobva kuna Mwari, **Jkb.** 1:17. Simba reMweya Mutsvene chipu chaMwari, **1 Ni.** 10:17. Avo vanoti hakuna zvipo havazive vhangeri raKristu, **Morm.** 9:7–8. Chose chipu chakanaka chinobva kuna Kristu, **Moro.** 10:8–18. Upenyu hwokusingapari ndicho chipu chikuru-kuru kupfuura zvose zvipo zvaMwari, **D&Z** 14:7 (1 Ni. 15:36). Zvipo zvinopiwa kune avo

vanoda Ishe, **D&Z** 46:8–11. Vose havana kupiwa chose chipo kwavari, **D&Z** 46:11–29.

CHIPO CHEMWEYA MUTSVENE.

Onawo Chipo; Mwari, Musoro
hwehuMwari; Mweya Mutsvene;
Zvipo zveMweya

Ikodzero yenhengo yeChechi yega-yega yakakodzera yakabhabhatidzwa kuve nekugara iri muhurudziro ye-Mweya Mutsvene. Mushure merubhabhatidzo rwemunhu muChechi rechokwadi raJesu Kristu, anogashira chipo cheMweya Mutsvene nokuiswa maoko kubva kune ane mvumo yacho chaiyo (Mabasa. 8:12–25; Moro. 2:1–3; **D&Z** 39:23). Kugashira chipo che-Mweya Mutsvene kunowanzotaurwa serubhabhatidzo nemoto (Mat. 3:11; **D&Z** 19:31).

Vanhu vanorairwa kuti vatendeuke, vabhabhatidzwe, vatambire chipo che-Mweya Mutsvene, **Mabasa** 2:38. Petro naJohane vaipa chipo cheMweya Mutsvene nokugadza maoko, **Mabasa** 8:14–22. Mweya Mutsvene unopiwa nekugadzwa maoko, **Mabasa** 19:2–6. Kuregererwa kwezvitadzo kunounzwa nemoto neMweya Mutsvene, **2 Ni.** 31:17. Tinodaira mukugadzwa maoko kuti pave nechipo cheMweya Mutsvene, **Mis. yeCh.** 1:4.

CHIRAIRO CHEKUPEDZISIRA.

Onawo Paseka; Sakaramende

Maererano neTestamente Itsva, kudya kwekupedzisira kwakadyiwa naJesu asati asungwa uye nokuroverwa (Ruka 22:14–18). Iye neVaapositori vaneGumi neVaviri vakadya kudya uku nguva dzePaseka (Mat. 26:17–30; Marko 14:12–18; Ruka 22:7–13).

Muponesi akakomborera chingwa newaini uye akazvipa kuVaapositori, **Mat.** 26:26–29 (Marko 14:22–25; Ruka 22:7–20). Jesu akageza tsoka dzeVaapositori, **Joh.** 13. Judasi akadomwa semutengesi waJesu, **Joh.** 13:21–26 (Mat. 26:20–25).

CHIRARIRO CHAISHE. *Ona* Sakaramende

CHIRATIDZO. *Onawo* Chechi,
Zviratidzo zvereChokwadi;
Chishamiso; Zviratidzo zvenguva

Chiitiko kana ruzivo urwo vanhu vanonzwisisa seuchapupu kana chokwadi yechimwe chinhu. Chiratidzo kazhinji chishamiso chinoratidzwa kubva kuna Mwari. Satani naiyewo ane simba rekuratidza zviratidzo pane mamwe mami-riro. Vatendi vakafanira kutsvaga zvipo zveMweya asi havafanire kufanira kutsvaga zviratidzo zvekugutsa kunzwa mwoyo kana kutsigira rutendo. Asi, Ishe vachapa zviratidzo sekuona kufanira kwazvo kune avo vanodaira (**D&Z** 58:64).

Ishe pachavo vachakupai chiratidzo, **Isa.** 7:14 (2 Ni. 17:14). Mwari vanoshanda zviratidzo nezvishamiso kudenga nemunyika, **Dan.** 6:27. Chizvarwa chaika chemhombwe chinotsvaka chiratidzo **Mat.** 12:39 (Mat. 16:4; Ruka 11:29). Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanodaira, **Marko** 16:17 (Morm. 9:24; Eta 4:18; **D&Z** 84:65). Sheremu akakumbira chiratidzo, **Jak.** 7:13–20. Koriho akakumbira chiratidzo, **Aru.** 30:48–60. Tinotidzei kwatiri chiratidzo ndipo patinozo daira, **Aru.** 32:17. Chidimu chikuru chevanhu chakadaira zviratidzo nezvishamiso, **3 Ni.** 1:22. Vanhu vakakanganwa zviratidzo nezvishamiso, **3 Ni.** 2:1. Hamugachire uchapupu dakara mushure mekuedzwa kwerutendo rwenyu, **Eta** 12:6. Musade zvishamiso, kunze kwekunge ndazvitauro, **D&Z** 24:13. Rutendo harwuuye nezviratidzo, asi zviratidzo zvinotevera avo vanodaira, **D&Z** 63:7–11. Mumazuva iwayo muchamuka vana Kristu venhema, nemaporofita venhema, vacharatidza zviratidzo zvikuone nezvishamiso, **JS—Mat.** 1:22

CHIRATIDZO CHEKUTANGA.

Onawo Kudzororwa pakare
kwevhangeri; Smith, Joseph,
Mwana

Kuzviratidza kwaMwari Baba ne-

Mwanakomana wavo Jesu Kristu ku-Muporofita Joseph Smith muchisango chemiti.

Munguva yepfumvudza ya1820, Joseph Smith, Mwana, akange ave mugore rake rechigumi nemashanu. Aigara nemhuri yake mukaguta kainzi Palmyra, New York. Kanhambwe kadiki-diki nechekumadokero kwemusha wavo kwaive nechisango chemiti mikuru. Josefa akaenda kunzvimbo iyi kuti anonamata kuna Mwari kuti adzidze kuti chechi chaiyo ndeyipi. Akanga atorwa mwoyo paakanga achiverenga Bhaibheri kuti akafanira kutsvaga mhinduro kubva kuna Mwari (Jkb. 1:5-6). Mukupindura munamoto wake, Baba neMwanakomana vakazviratidza kwaari vakamuudza kuti asapinde kana imwechete yechechi dzakanga dziripo pasi nguva iyoyo, nokuti dzakange dzisiri pachokwadi (Nh—JS 1:15-20). Ruzivo rwunoera urwu rwakatangisa kuitika kwezvinhu zvaizo unza Rudzorerero rwevhangeri neChechi yechokwadi yaKristu.

CHIREVO

Chirevo chipfupi chine dzidziso kana rairo.

Bhuku reZvirevo: Bhuku remuTestamente yaKare rine mienzaniso mizhinji, nhaurwa, nenziyo, dzimwe dzacho dzakanyorwa naSoromoni. Bhuku reZvirevo rinotapwa kazhinji muTestamente Itsva.

Zvitsauko 1-9 zvine tsananguro yegungwaru hwechokwadi. Zvitsauko 10-24 zvine kuunganidzwa kwemazwi ari maererano netsika dzakanaka nedzakaipa dzeupenyu. Zvitsauko 25-29 zvine zvirevo zvaSoromoni zvakanyorwa nevanhu vaHezekia, mambo weJuda. Zvitsauko 30-31 zvinosanganisa tsananguro yemadzimai ane hunhu.

CHIREVO CHECHECHI—1.

Onawo Chiziviso; Kuroora—Barika; Woodruff, Wilford

Zvakanyorwa mumapeji ekuvhara eDzidziso neZvibvumirano, chidimu

chekutanga cheChirevo cheChechi—1 chinozivikanwawo seChiziviso. Chakapiwa naMutungamiri Wilford Woodruff uye chikaiswa kunhengo dzeChechi pamusanganano wevanhu vose musi wa6 Gumiguru gore ra1890. Kutangisa muna 1862, mirau yakasiyana siyana kwemakore makumi maviri nemshanu aitevera yakaita kuti barika rirambidzwe munyika yeUnited States. Ishe vakaratidza Wilford Woodruff muchiratidzo nekuzarurirwa zvaizoitika kana vatendi vakasaregera kuita kwebarika. Chiziviso chakadaidzira kuti barika hari-chachatiswa.

CHIREVO CHECHECHI—2.

Onawo Hupirisita; Kimball, Spencer W.

Mazwi edzidziso ari maererano nokuti ndiani angabate Hupirisita hwaMwari, zvino zvanyorwa mumapeji ekupe-dzisira eDzidziso neZvibvumirano. Mukutanga kwaChikumi muna 1978, Ishe akararatidza kuna Presidendi Spencer W. Kimball kuti hupirisita hwakafanira kupiwa kunhengo dzose dzeChechi dzechirume dzakakodzera. Izvi zvakaita kuti hupirisita nemaropafadzo etemberi zviwanikwe kune vose varume vakakodzera, pasina kuti munhu rudzii kana ruvarai. Musi wa30 Gunyana mugore ra1978, chirevo ichi chakapirwa kugungano reChechi chikabvumwa nemunhu wose.

CHIRWERE

Kuve nehutenda kana denda. Mumagwaro matsvene, kurwara nomuviri dzimwe nguva zvinoshanda sechiratidzo chekushaya hutano pamweya (Isa. 1:4-7; 33:24).

Ndanzwa munamoto wako, ndaona misodzi yako: tarisai, ndichakurapa, **II Madz.** 20:1-5 (II Mak. 32:24; Isa. 38:1-5). Jesu akaenda kwose-kwose achirapa marudzi ose ezvirwere nemarudzi ose ematenda, **Mat.** 4:23-24 (1 Ni. 11:31; Mosaya 3:5-6). Vasingarwari havana chavanodira murapi, asi avo vanorwara, **Mat.** 9:10-13

(Marko 2:14–17; Ruka 5:27–32). Pane ari kurwara here pakati penyū? Ngaa-
daidze magosa, **Jkb.** 5:14–15. Kristu
achatora paari kurwadza nezvirwere
zvevanhu vake, **Aru.** 7:10–12. Jesu aka-
rapa vose vairwara pakati pemaNifai,
3 Ni. 26:15. Chengetai varwere zvaka-
nyorovera, zvikwenzi, nekudya kute-
te, **D&Z** 42:43 (Aru. 46:40). Yeukai
muzvinhu zvose vanorwara nevano-
tambudzika, **D&Z** 52:40. Isai maoko
pamusoro pevanorwara, ivo vachapo-
na, **D&Z** 66:9.

CHISHAMISO. *Onawo* Chiratidzo;
Rutendo

Chiitiko chisiri chemazuva ose chino-
konzerwa nesimba raMwari. Zvishami-
so zvinhu zvinokosha mubasa rajesu
Kristu. Zvinosanganisa kurapa, kumu-
tsa vakafa vachive vapenyu, nokumuka
kuvakafa. Zvishamiso chikamuwo
chevhangeri rajesu Kristu. Rutendo
rwunodiwa kuitira kuti zvishamiso
zvinekwe (Marko 6:5–6; Morm. 9:10–
20; Eta 12:12).

Apo Farao achataura, muratidze chi-
shamiso, **Eks.** 7:9. Hapana munhu acha-
ita chishamiso muzita rangu angaku-
rumidza kutuara zvakaipa nezvangu,
Marko 9:39. Kana ndiyo nzvimbo apo
Jesu akaita chishamiso chake chekuta-
nga, **Joh.** 2:11. Ndiri Mwari wezvisha-
miso, **2 Ni.** 27:23. Simba raMwari rino-
shanda zvishamiso, **Aru.** 23:6. Kristu
akagona kuratidza zvishamiso zviku-
ru kune avo vemunyika yeAmerica
nokuti vaive nerutendo rwukuru, **3 Ni.**
19:35. Mwari havana kumborega kuve-
Mwari vezvishamiso, **Morm.** 9:15.
Musade zvishamiso, kunze kwekunge
Ishe vakuudzai, **D&Z** 24:13–14. Kune
vamwe kunopiwa chipo chekushanda
zvishamiso, **D&Z** 46:21 (Moro. 10:12).

CHISINA KUCHENA. *Ona*
Chakachena nechisina kuchena

CHISINA MATURO. *Onawo*
Kudada; Zvemunyika

Manyepo kana kunyengedza; kuzviku-
dza. *Zvisina maturo nekushaya maturo*

zvinogona kureva musina chinhu kana
chisina kukosha.

Uyo asina kusimudzira mweya wake
kune zvisina maturo achamira munzvi-
mbo tsvene yaIshe, **Mpi.** 24:3–4. Kana
muchinamata, musashandise kudzo-
korora zvisina maturo, **Mat.** 6:7. Zimba
hombe guru zidhandanda kufunga zvi-
sina maturo nekuzvida, **1 Ni.** 12:18.
Mucharamba makangobatirira mwoyo
yenyu pazvinhu zvisina maturo zve-
nyika? **Aru.** 5:53. Musatsvake zvinhu
zvisina maturo zvenyika ino, nokuti
hamukwanise kuzvitakura kuenda na-
zvo, **Aru.** 39:14. Kushaya maturo noku-
satenda zvaunza Chechi pasi pekuto-
ngwa, **D&Z** 84:54–55. Kana tichiedza
kufadza zvatinoda zvisina maturo,
matenga anobva, **D&Z** 121:37.

CHITADZO. *Onawo* Akaipa;
Asakarurama, Kusarurama;
Chinyangadza, Chinyangadzo;
Hupanduki, Hutsvina; Kushaya
huMwari; Tadzira

Kusateerera maune kumirairo ya-
Mwari.

Uyo achavanza zvitadzo zvake haazo-
budirira, **Zir.** 28:13. Kana dai zvitadzo
zvenyu zvakatsvuka, zvichachena
sechando, **Isa.** 1:18. Vatadzi vachafa,
vakarurama vachaponeswa, **Ezk.** 18.
Gwayana raMwari rinotora zvitadzo
zvenyika, **Joh.** 1:29. Bhabhatidzwai,
musukwe kubvisa zvitadzo zvenyu,
Mabasa 22:16. Mubairo wechitadzo
rufu, **VaR.** 6:23. Kune uyo anoziva ku-
ita zvakanaka, asingazviite, kwaari
chitadzo, **Jkb.** 4:17. Mungandiite here
kuti ndive ndinobvunda pakuonekwa
kwechitadzo, **2 Ni.** 4:31. Nhamo kune
avo vose vanofa vari muzvitadzo zva-
vo, **2 Ni.** 9:38. Havaikwanisa kutarisa
chitadzo kunze kwekunge vaine ruve-
ngo rukuru, **Aru.** 13:12. Musafungi-
dzire kuti muchadzorerwa kubva
muchitadzo kuenda mukufara, **Aru.**
41:9–10. Ishe haatarise pachitadzo
aine tarisiro yekuchibvumira, **Aru.**
45:16 (D&Z 1:31). Vana vadiki hava-
kwanise kuita chivi, **Moro.** 8:8. Kute-

ndeuka, vanhu vakafanira kureurura nokusiya zvitadzo zvavo, **D&Z** 58:42–43. Chitadzo chikuru chinosaursa muna iye asingaregerere, **D&Z** 64:9. Uyo anotadzira chiedza chikuru achagashira kuraswa kukuru, **D&Z** 82:3. Kune uyo mweya unotadza zvitadzo zvakare zvichadzokera, **D&Z** 82:7. Kana tikaita zvekuvanza zvivi zvedu, matenga anodududza, **D&Z** 121:37.

CHITADZO

CHISINGAREGERERWE.

Onawo Kuponda; Kutaura zvisinakunaka; Mweya Mutsvene; Vanakomana vekuraswa

Chitadzo chekuramba Mweya Mutsvene, chitadzo chisingagone kuregererwa.

Kutuka Mweya Mutsvene hakuzoregererwa kumunhu, **Mat.** 12:31–32 (Marko 3:29; Ruka 12:10). Zvakaoma kune avo vakaitwa vatori veMweya Mutsvene kuti vavandudzwe zvakare patsva mukutendeuka, **VaH.** 6:4–6. Kana tikatadza maune mushure mekunge tagashira ruzivo rwechokwadi, hakuzosara kana chimwechete chemupiro wechivi, **VaH.** 10:26. Kana mukaramba Mweya Mutsvene uye mukaziva kuti muri kuuramba, ichi chitema chisingaregererwe, **Aru.** 39:5–6 (Jak. 7:19). Havana ruregerero, varamba Mumwechete Akaberekwa Mwanakomana, vamurovera pachavo, **D&Z** 76:30–35. Kutuka Mweya Mutsvene hakuchazoregererwa, kunove kudeura ropa risina mhosva mushure mekunge magashira chibvumirano changu chitsva uye chisingaperi, **D&Z** 132:26–27.

CHITSIDZO. *Onawo*

Chibvumirano; Chitsidzo
neChibvumirano cheHupirisita

Sekushandiswa mumagwaro matsvене, kazhinji chibvumirano kana vimbiso inoyera. Asika, vanhu vakaipa, kusanganisa Satani nengirozi dzake, naivo-wo vanoita zvitsidzo kuti vaite mabasa avo akaipa. Munguva dzeTestamente yaKare, zvitsidzo zvaibvumwa; asika, Jesu Kristu akadzidzisa kuti vanhu

vasatsidze kana kupika nezita raMwari kana zvisikwa zvake (**Mat.** 5:33–37).

Ndichaita chitsidzo chandakapikira kuna Abrahamama, **Gen.** 26:3. Kana munhu akapika chitsidzo chekusunga mweya wake, haafanire kuchityora, **Num.** 30:2. Vakapinda muchitsidzo chekufamba mumutemo waMwari, **Neh.** 10:29. Muchaita kuna Ishe zvitsidzo zvenyu, **Mat.** 5:33 (Mpa. 5:1–2; 3 Ni. 12:33). Mwari vanopika nechitsidzo kuti vane rutendo vachaponeswa, **VaH.** 6:13–18. Apo Zoramu akaita chitsidzo, kutya kwehu kwakapera, **1 Ni.** 4:37. Vanhu vaAmoni vaita chitsidzo kuti havazombofa vakadeura ropa, **Aru.** 53:11. Vakaipa vemaNifai vakaita zvitsidzo nezvibvumirano zvemuchivande naSatani, **Hir.** 6:21–30. Vanhu vanowana upenyu hwokusingaperi kuburikidza nechitsidzo nechibvumirano chehupirisita, **D&Z** 84:33–42. Zvose zvibvumirano, mabasa ekubvumirano, zvisungo zvinofanirwa kuitwa, nezvitsidzo zvisina kusungwa neMweya Mutsvene weChivimbiso zvinopera kana vanhu vafa, **D&Z** 132:7.

CHITSIDZO

NECHIBVUMIRANO

CHEHUPIRISITA. *Onawo*

Chibvumirano; Chitsidzo;
Hupirisita

Chitsidzo imhiko yakasimbiswa kuti ndeyechokwadi nekuvimbika kuvimbiso dzemunhu. Chibvumirano ivimbiso yakakosha kwazvo pakati pemapoka maviri. Hupirisita hwaAroni hunotambirwa nechibvumirano chete. Vane Hupirisita hwaMerkizedeki vanogashira hupirisita nechitsidzo chisingataurwe nechibvumirano. Vane hupirisita kana vaine rutendo vachishandisa kudaidzwa kwavo sekutungamira kwaMwari, vanovaropafadza. Avo vane rutendo kusvika kumagumo vachiita zvose zvanovakumbira vanogashira zvose izvo Baba zvaivanzvo (**D&Z** 84:33–39).

Ishe vakabvumirana naAbrahamama, uye Abrahamama akateerera, **Gen.** 15:18; 17:1;

22:16–18. Vapisrita munguva dzaEzekieri vakanga vasingafudze hwai, **Ezk.** 34:2–3. Vapisrita munguva dzaMaraki vakasvibisa chibvumirano, **Mar.** 1–2.

CHIVA. *Onawo* Ane shanje;
Kuchiva

Maererano nemagwaro matsvene, kuda chimwe chinhu chine muridzi zvakaipa.

Mapatiriaki, vabatwa neshanje, vakatenga Josefa kuEgipita, **Mabasa** 7:9. Rudo haruite shanje, **I VaKori.** 13:4 (Mor. 7:45). Shanje inouya nekuzvikudza, **I Tim.** 6:4. Pane shanje, pane kuvhiringana nekabasa kose kakaipa, **Jkb.** 3:16. Ishe vakaraira kuti vanhu vasaite shanje, **2 Ni.** 26:32. Pakange pasina shanje pakati pevanhu vaNifai, **4 Ni.** 1:15–18. Shanje nehasha dzemunhu ndizvo zvange zviri zvangu mazuva ose eupenyu hwangu, **D&Z** 127:2.

CHIVIMBO. *Onawo* Daira;
Rutendo; Vimba

Kuve neruvimbiso, rudairo, ruvimbo, kana rutendo mune chimwe chinhu, kunyanya Mwari naJesusu Kristu.

Zviri nani kuvimba naMwari pane kuisa ruvimbo mumunhu, **Mpi.** 118:8. Ishe yachave ruvimbo rwako, **Zir.** 3:26. Apo Kristu achazvionesa, tingave neruvimbo, **I Joh.** 2:28. MaNifai akaipa akarasikirwa neruvimbo rwevana vavo, **Jak.** 2:35. Zvino chivimbo chako chichasimba pamberi paMwari, **D&Z** 121:45.

CHIZIVISO. *Onawo* Kuroora—
Barika; Woodruff, Wilford

Zvakataurwa pamutemo neMutungamiri weChechi Wilford Woodruff muna 1890 zvichitaura pachena kuti Chechi nenhengo vakazviisa pasi pemutemo wenyika kuti havachazopinda mumichato yebarika (D&Z Chirevo—1). Mutungamiri weChechi Woodruff akaburitsa chiziviso mushure mechiratidzo nezvakazarurwa kubva kuna Mwari.

CHOKWADI. *Onawo* Chiedza,
Chiedza chaKristu; Ruzivo;
Ungwaru

Ruzivo rwezvinhu sezvazviri, nezvazvakangwa zvakaita, nokuuya kwazvichaita (D&Z 93:24). Chokwadi chinorevavo nezvechiedza nekuzururirwa kubva kudenga.

Chokwadi chichasvetuka kubva muvhu, **Mpi.** 85:11 (Mos. 7:62). Muchaziva chokwadi, chokwadi chichakuitai musununguke, **Joh.** 8:32. Ndini nzira, chokwadi, neupenyu, **Joh.** 14:6. Kana tichiti isu hatina chitadzo chokwadi hachisi matiri, **I Joh.** 1:8. Vane mhosva vanotora chokwadi kuti chakaoma, **1 Ni.** 16:2. Vakarurama vanoda chokwadi, **2 Ni.** 9:40. Mweya unotaura chokwadi uye haunyepe, **Jak.** 4:13. Imi muri Mwari wechokwadi uye hamugone kunyepa, **Eta** 3:12. Nesimba reMweya Mutsvene mungazive chokwadi chezvinhu zvose, **Moro.** 10:5. Chokwadi chinogara narinhi narinhi, **D&Z** 1:39. Makajekeserwa neMweya wechokwadi, **D&Z** 6:15. Bhuku raMormoni rine chokwadi neshoko raMwari, **D&Z** 19:26. Munyaradzi akatumwa kuti azozidzisa chokwadi, **D&Z** 50:14. Uyo anogashira shoko kuburikidza neMweya wechokwadi anorigashira sekuparidzwa kwarinoitwa neMweya wechokwadi, **D&Z** 50:17–22. Taurai chokwadi maererano nezvakazarurwa zvandakakupai, **D&Z** 75:3–4. Chipi zvacho kana chiri chokwadi chiedza, **D&Z** 84:45. Chiedza chaKristu chiedza chechokwadi, **D&Z** 88:6–7, 40. Mweya wangu ichokwadi, **D&Z** 88:66. Uchenjeri, kana chiedza chechokwadi, hazvina kusikwa, **D&Z** 93:29. Kubwinya kwaMwari uchenjeri, kana chiedza nechokwadi, **D&Z** 93:36. Ndakakuudzai kuti mukudze vana venyu muchiedza nechokwadi, **D&Z** 93:40. Wangu Mumwechete Akaberekwa azere ne nyasha nechokwadi, **Mos.** 1:6.

COWDERY, OLIVER

Gosa rechipiri reChechi yakadzore-
rwa uye mumwe weVapupuri Vatatu

mukutanga kutsvene neuchokwadi hweBhuku raMormoni. Aiita semunyori Joseph Smith achidudzira Bhuku raMormoni kubva kumahwe-ndefa egoridhe (Nh—JS 1:66–68).

Akatambira uchapupu hwechokwadi hwekududzirwa kweBhuku raMormoni, **D&Z** 6:17, 22–24. Akagadzwa naJohane Mubapatidzi, **D&Z** 13 (D&Z 27:8; Nh—JS 1:68–73, tarisai chiziviso kundima 71). Mushure mekunge mawana rutendo uye mazviona nema-ziso enyu, muchapupura kuti mazviona, **D&Z** 17:3, 5. Ndakaisa pachena kwamuri, neMweya wangu, kuti zvinhu zvamakanyora ndezvechokwaki, **D&Z** 18:2. Akasarudzwa akagadzwa semumwe wevashandi pamusoro pezvakazarurwa, **D&Z** 70:3. Akatambira kiyi dzehupirisita naJoseph Smith, **D&Z** 110.

DAIDZA. *Ona* Akadaidzwa Namwari

DAIRA. *Onawo* Jesu Kristu; Kusadaira; Rutendo; Vimba

Kuve nerutendo mune mumwe kana kubvuma chimwe chinhu kuti ichokwadi. Munhu akafanira kutendeuka uye agodaira muna Jesu Kristu kuti aponeswe muumambo hwaMwari (D&Z 20:29).

Daira muna Ishe Mwari wako; daira vaporofita vake, **II Mak.** 20:20. Danieri haana kukuvadzwa mubako reshumba nokuti aidaira muna Mwari, **Dan.** 6:23. Sezvo wadaira, saka ngazviiitwe kwauri, **Mat.** 8:13. Chose zvacho chamuchakumbira mumunamato, muchidaira, muchachigamuchira, **Mat.** 21:22. Musatya, dairai chete, **Marko** 5:36. Zvose zvinhu zvino kwanisika kune uyo anodaira, **Marko** 9:23–24. Uyo anodaira akabhabhatidzwa achaponeswa, **Marko** 16:16 (2 Ni. 2:9; 3 Ni. 11:33–35). Uyo anodaira muMwanakomana ane upenyu husingapere, **Joh.** 3:16, 18, 36 (Joh. 5:24; D&Z 10:50). Tinodaira tine chokwadi chekuti ndiye Kristu, **Joh.** 6:69. Uyo anodaira mandiri, kana dai akafa, iye acharara-

ma, **Joh.** 11:25–26. Isu takadaira tinopi-nda pazororo, **VaH.** 4:3. Dairai muna Jesu Kristu, mudanane, **I Joh.** 3:23. Mesia haana mumwechete waanoparadza pane vanodaira maari, **2 Ni.** 6:14. VaJuda vachanetswa kudakara vadaira muna Kristu, **2 Ni.** 25:16. Kana muchidaira zvinhu izvi, onai kuti maziita, **Mosaya** 4:10. Mwanakomana anotora paari zvitadzo zveavo vose vanotenda muzita rake, **Aru.** 11:40. Akaropafadzwa uyo anodaira mushoko raMwari asina kumanikidzwa, **Aru.** 32:16. Kana muchikwanisa kungova nechido chete chekudaira, regai chido ichi chishande mamuri, **Aru.** 32:27. Kana muchidaira muzita raKristu, muchatendeuka, **Hir.** 14:13. Avo vanodaira muna Kristu vanodaira muna Babawo, **3 Ni.** 11:35. Hakuna munhu akambodaira muna Ishe sezvaiita munun'una wajaredhi, **Eta** 3:15. Chose chinokwezvera mukudaira muna Kristu chinotumwa nesimba raKristu, **Moro.** 7:16–17. Avo vanodaira mumazwi alshe vanopiwa chiratidzo cheMweya, **D&Z** 5:16. Avo vanodaira muzita raIshe vachave vanakomana vaMwari, **D&Z** 11:30 (Joh. 1:12). Kune vamwe kunopiwa kudaira kumazwi evamwe, **D&Z** 46:14. Zviratidzo zvinotevera avo vanodaira, **D&Z** 58:64 (D&Z 63:7–12). Avo vanodaira, vakatendeuka, vobhabhatidzwa vachatambira Mweya Mutsvene, **Mos.** 6:52.

DAMASIKO

Guta rekare reSiria.

Damasiko imire mubani rakaorera kumucheto kwegwenga uye rinodiridzwa zvakanaka nerwizi rweBarada. Rinotaurwa kazhinji mumagwaro matsvene (kutangira kuna Gen. 15:2). Pauro akanga ari munzira make kunda kuDamasiko apo Ishe vakamuka kuvakafa vakazvionesa kwaari (Mabasa 9:1–27; 22:5–16; 26:12–20; II VaKori. 11:32–33).

DANGWE. *Onawo* Jesu Kristu; Nhaka yekuzvarwa nayo

Munguva yemadzibaba echinyakare, dangwe remwanakomana raigashi-

dzwa nhaka yekuberekwa (Gen. 43:33) nokudaro aigara nhaka yehutungamiri hwemhuri pakufa kwababa. Dangwe raifanira kunge riine chiremera kutora basa iri (I Mak. 5:1–2) uye aigona kurasikirwa nehudangwe hwake pamusana pekwasarurama.

Pasi pemurau waMosesi, dangwe remwanakomana raitarisirwa kuve raMwari. Dangwe raigashira mugove wapaketwa wezvinhu zvababa vake (Deut. 21:17). Mushure merufu rwababa vake, raive basa rake rekuchengeta amai vake nehanzvadzi.

Dangwe renzombe remhuka nairowo rainzi nderaMwari. Mhuka dzakachena dzaishandiswa mumipiro, mhuka dzakasviba dzichinunurwa kana kutingeswa kana kuuraiwa (Eks. 13:2, 11–13; 34:19–20; Rev. 27:11–13, 26–27).

Dangwe mumucherechedzo vaJesu Kristu nekudzidzisa kwake pano pasi, zvichiyeuchidza vanhu kuti Mesia mukuru achauya (Mos. 5:4–8; 6:63).

Jesu aiva dangwe kuvana vemweya vaBaba vedu Vekudenga, iyeyo Mumwechete Akaberekwa waBaba munyama, uye wekutanga kumuka kuvakafa (VaKoro. 1:13–18). Vatendi vane rutendo vanove nhengo dzeChechi yeDangwe mukusingaperi (D&Z 93:21–22).

Matangwe evanakomana venyu muchaapa kwandiri, **Eks.** 22:29. Ndakatsaurira kwandiri ose matangwe mulstraeri, **Num.** 3:13. Angave dangwe mukati mehama dzakawanda, **VaR.** 8:29. Anounza wekutanga kuberekwa munyika, **VaH.** 1:6. Ndivo ivava Chechi yeDangwe, **D&Z** 76:54, 94. Hwakaiswa pandiri kubva kumadzibaba, kana hukuru hwedangwe, **Abr.** 1:3.

DANI. *Onawo* Israeri; Jakobo, Mwanakomana walsaka

MuTestamente yaKare, mwanakomana waJakobo naBirha, murandakadzi waRakeri (Gen. 30:5–6).

Rudzi rwaDani: Zvemaropafadzo aJakobo kuna Dani, ona Genesis 49:16–18. Zvemaropafadzo aMosesi kurudzi

rwaDani, tarisai Deuteronomio 33:22. Mushure mekunge vagara muKanani, rudzi rwaDani rwakagashira kanyika kadiki asi kakaorera zvakanyanyisa (Josh. 19:40–48). Vakanga vaine dambudziko rakakura mukuidzivirira kubva kumaAmori (Vat. 1:34) neku-bva kumaFiristia (Vat. 13:2, 25; 18:1). Naizvozvo, maDani vakaenda kuchamhembe kweFiristia (Vat. 18), neche-kuRaisha, uye vakapa guta rimwe zita rekuti Dani. Guta iri rinozivikanwa kwazvo semuganhu wekuchamhembe kweFiristia, raibataniidza “kubva Dani kana kusvika kuBeeri-sheba.”

DARE REKUDENGA. *Onawo*

Hondo kudenga; Hurongwa hwerununuro; Upenyu hwenyama husati hwavepo

Zvakaitika kusati kwave neupenyu hwokufa apo Baba vakaisa chirongwa chavo kuvana vavo vemweya avo vaizouya pano pasi.

Vanakomana vaMwari vakadaidzira nerufaro, **Jobo** 38:7. Simudzirai ngu-ndu yangu pamusoro penyenyedzi dzaMwari, **Isa.** 14:12–13. Kwakange kuine hondo kudenga, **Zvaka.** 12:7–11. Vasati vazvarwa, vakagashira zvidzidzo zvavo munyika yemweya, **D&Z** 138:56. Satani akapanduka muupenyu tisati tave kufa, **Mos.** 4:1–4. Ungwaru hwakarongwa nyika isati yasikwa, **Abr.** 3:22. VaMwari vakaranga pakati pavo, **Abr.** 4:26. VaMwari vakapedza basa ravakanga varangana kuita, **Abr.** 5:2.

DARE REPAMUSORO

Dare regumi nevaviri revapirisita vepamusoro.

Mumazuva ekutanga eChechi yakadzorerwa pakare, izwi rinoti *dare repamusoro* raitaura matare maviri aitonga: (1) Chikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri cheChechi (D&Z 107:33, 38); ne (2) dare repamusoro riri kushanda mudunhu rega rega (D&Z 102; 107:36).

DARE REVANEGUMI NEVAVIRI.

Ona Muapositori

DARIUSI. *Onawo* Baberi, Babironi MuTestamente yaKare, mambo weMedia uyo akatonga weBabironi mushure merufu rwaBershazari (Dan. 5:31; 6:9, 25–28; 9:1; 11:1).

DAVIDI. *Onawo* Bati-sheba; Mapisarema

Mambo weIsraeri yekare muTestamente yaKare.

Davidi aiva mwanakomana waJesi werudzi rwaJuda. Akanga ari jaya risingatyete akauraya shumba, bhiye (bear), nehwende yemaFiristia Goriasi (I Sam. 17). Davidi akasarudzwa akazodzwa kuti ave mambo weIsraeri. SaSauro, muopenyu hwake akura akange aine mhosva dzaityisa, asi, paasina kufanana naSauro, iye aikwanisa kuratidza kushushikana nekutadza. Nokudaro akakwanisa kuwana ruregerero, kunze kwemukupondwa kwaUria (D&Z 132:39). Upenyu hwake hunogona kuiswa muzvidimbu zvina: (1) kuBetrehema, uko kwaakanga ari mufudzi wehwai (I Sam. 16–17); (2) mudare raMambo Sauro (I Sam. 18–19:18); (3) semutizi (I Sam. 19:18–II Sam. 1:27; (4) samambo wemaJuda kuHebroni (II Sam. 2–4), uye mushure samambo weIsraeri yose (II Sam. 5–I Madz. 2:11).

Chitadzo chaDavidi chehupombwe naBati-sheba chakatevedzwa nezvimhingamupinyi zvakakanganisa makumi maviri ekupedzisira eupenyu hwake. Rudzi rwake rwakabudirira munguva yekutonga kwake, asi Davidi pachake akatambudzwa nezvikonzero zvezvitadzo zvake. Paigara paine bishi mudzimhuri, zvaiti, munyaya yaAbsaromi naAdonia, zvakapedzisira zvave kumukirana kuri pachena. Zvii-tiko izvi zvinozadzikisa zvakataurwa naNatamu muporofita pamusoro paDavidi pamusana pechitadzo chake (II Sam. 12:7–13).

Zvisinei nematambudziko iwaya, kutonga kwaDavidi ndiko kwakajekesesa munhoroondo rwemaIsraeri, nokuti (1) akabatanidzwa marudzi kuti kuve nerudzi rwumwechete, (2) akawa-

na zvisina nharo huridzi hwenyika, (3) akamisa hurumende pachitendero chechokwadi kuti kuda kwaMwari kuve mutemo weIsraeri. Pamusana pezvikonzero izvi, kutonga kwaDavidi kwa-kaonekwa mushure senguva yakabudirira kwazvo yerudzi uye yairatidza nguva yakafanana neyaizo uya Mesia (Isa. 16:5; Jer. 23:5; Ezk. 37:24–28).

Upenyu hwaDavidi hunoratidza kufanira kwevanhu vose kushingirira mukururama kusvika kumagumo. Sejaya, akataurwa kuti murume akatarisira “mwoyo chaiwo” waIshe (I Sam. 13:14); semurume, aitaura neMweya uye akange aine zvakazarurwa zvizhinji. Asi akabhadhara mutengo wakarema mukusateerera mirairo yaMwari (D&Z 132:39).

DEAD SEA

Gungwa remunyu nechekumucheto kwakadziva kumaodzanyemba kweNhika reJordan. Raizivikanwa nokunzi Gungwa reMunyu. Kukura kwaro kungangoita mamita (395 zasi) kweGungwa reMediterenieni. Maguta eSodoma neGomora, neZoari kana Bera aive pedyo nemahombekombe aro (Gen. 14:2–3).

Mukuzadzikisa chiporofita sechimwe chezviratidzo zvekuuya kwechipiri kweMuponesi, mvura yemuDead Sea icharapwa, uye upenyu hugobudirira imomo (Ezk. 47:8–9).

DEBORA

MuTestamente yaKare, muporofitakadzi akatonga Israeri uye akakuridzira Baraki kuti arwisane nemaKanani (Vatongi 4). Rwiyo rwaDebora naBaraki rwakapemberera kubviswa kweIsraeri kubva muusungwa (Vatongi 5).

DENGA. *Onawo* Kubwinya kweseresityaro; Paradiso; Umambo hwaMwari kana Umambo hwoKudenga

Izwi *denga* rinoreva zvinhu zviriri mumagwaro matsvene. (1) Ndiyo nzvimbo inogara Mwari nemusha wamangwana

weVatendi (Gen. 28:12; Mpi. 11:4; Mat. 6:9). (2) Ndiro rakatenderedza pasi (Gen. 1:1, 17; Eks. 24:10). Kudenga hakuzi *paradiso*, inove ndiyo nzvimbo yekumbofanogara yemweya inotenda yeavo vakagara uye vakafira pasi pano. Jesu akashanyira paradiso mushure merufu rwake pamuchinjikwa, asi muzuva rechitatu, akaudza Maria kuti akange asati aenda kuna Baba (Ruka 23:39–44; Joh. 20:17; D&Z 138:11–37).

Ndinofunga matenga enyu, sebasa reminwe yenyu, **Mpi.** 8:3. Nezwi raIshe matenga akagadzirwa, **Mpi.** 33:6. Haiwa wawaseiko kubva kudenga, Rusifa! **Isa.** 14:12 (2 Ni. 24:12). Matenga achapetwa pamwechete serugwaro, **Isa.** 34:4. Ndinosisika matenga matsva nenyika itsva, **Isa.** 65:17. Mwari vachavhura mafafitera ekudenga, **Mara.** 3:10. Baba vedu vari mudenga, ngarikudzwe zita renyu, **Mat.** 6:9 (3 Ni. 13:9). Pauro akabatwa kudenga rechitatu, **II VaKori.** 12:2. Makave nokunyarara mudenga, **Zvaka.** 8:1 (D&Z 88:95–98). Kana vakatendeka kusvika kumagumo vanotambirwa kudenga, **Mosaya** 2:41. Mungangove vana vaBaba venyu avo vari kudenga, **3 Ni.** 12:45. Ndichauya ndiri mumakore edenga, **D&Z** 45:16. Erija akatorwa kuenda kudenga asina kuraira rufu, **D&Z** 110:13. Kodzero dzehupirisita dzakabatana nemasimba ekudenga, **D&Z** 121:36. Kune marudzi maviri evanhu kudenga, **D&Z** 129:1. Zioni yakatorwa ikaenda kudenga, **Mos.** 7:23.

DANIERI

Murehwi mukuru mubhuku raDanieri muTestamente yaKare; Muporofita waMwari uye murume werutendo rukuru.

Hapana chinozivikanwa nezvevabereki vake, kana dai zvazvo achiratidza sekunge chizvarwa chekuumambo (Dan. 1:3). Akatorwa akasungwa kuBabirioni, uko kwaakasvikotambira zita rekuti Berteshazari (Dan. 1:6–7). Danieri nevamwe vasungwa vatatu vakaramba kudya kwamambo pamusana pechiteendero chavo (Dan. 1:8–16).

Danieri akawana kudiwa naNebukadnezari naDariusi kuburikidza nesimba rake rekududzira hope (Dan. 2; 4). Akaverengawo uye akadudzira zvakananga zvakanyorwa pachidziro (Dan. 5). Vavengi vake vakarangana pamusoro, uye akakandwa mugomba reshumba, asi Ishe vakachengetedza upenyu hwake (Dan. 6).

Bhuku raDanieri: Bhuku iri rine zvikamu zviviri: zvitsauko 1–6 nyaya dzaDanieri nevamwe vake vatatu; zvitsauko 7–12 zviratidzo zvechipo-rofita zvakaonekwa naDanieri. Ibhuku rinodzidzisa kukosha kwekuve pachokwadi kuna Mwari uye richiratidza kuti Ishe vanoropafadza vane rutendo.

Chikuru chakapiwa nebhuku kududzirwa kwehope dzaMambo Nebukadnezari. Muhope idzi, umambo hwaMwari mumazuva ekupedzisira hunoratidzwa sedombo rakacherwa kubva mugomo. Dombo iri richakunguruka kudakara razadza pasi rose (Dan. 2; onawo D&Z 65:2).

DERIRA. Onawo VaFiristia

Mudzimai wechiFiristia muTestamente yaKare uyo akanyengedza uye akategesa Samsoni (Vat. 16).

DEUTERONOMIO. Onawo Magwaro mashanu emutemo

Zvinoreva “kudzokererwa kwemurau” uye riri iro bhuku rechishanu muTestamente yaKare.

Deuteronomio rine hurukuro nhatu dzekupedzisira dzaMosesi, dzaakavapa mumapani eMoabi nguva pfupi asati ashandurwa. Hurukuro yekutanga (zvitsauko 1–4) ndeyekusuma. Hurukuro yechipiri (zvitsauko 5–26) ine zvikamu zviviri: (1) zvitsauko 5–11—Mirairo Inegumi netsananguro yemashandisirwo ayo; (2) zvitsauko 12–26—chisungo chemirairo, chinove ndicho chinove mhodzi yebhuku rose. Hurukuro yechitatu (zvitsauko 27–30) ine kuvandudzwa kwakakosha kwechibvumirano pakati paIsraeri naMwari nechiziviso chemaropafadzo anotevera kuteerera

nekutukwa kunotevera kusateerera. Zvitsauko 31–34 zvinotsanangura kupiwa kwakaitwa mutemo kumaRevi, rwiyo rwaMosesi neropafadzo rekupedzisira, nekuenda kwaMosesi.

DEZERETI. *Onawo* Majaredhi

MuBhuku raMormoni, izwi rechiJaredhi rinoreva “nyuchi yehuchi” (Eta 2:3).

DHIABHOROSI. *Onawo* Asingade

Kristu; Gehena; Muparadzi;

Mweya—Mweya yaKaipa;

Rusifa; Vanakomana vekuraswa

Satani. Dhiabhorosi imhandu yekururama neavo vanotsvaka kuita chido chaMwari. Iye mukutaura mwanakomana chaiye wemweya waMwari uye akange ari pane imwe nguva ngirozi yaive nesimba pamberi paMwari (Isa. 14:12; 2 Ni. 2:17). Zvisinei, akapanduka kusati kwave neupenyu hwekufa uye akanyengetedza chikamu chimwechete kubva muzvitaru chevana wemweya vaBaba kuti vapanduke naye (D&Z 29:36; Mos. 4:1–4; Abr. 3:27–28). Vakaraswa kunze kwedenga, vakanyimwa mukana wekuwana miviri yenyama nekupfuura nemuupenyu hwenyama, uye kusvikira kusingaperi. Kubvira nguva yakatandaniswa dhiabhorosi kubva kudenga, anotsvaka nguva dzose kunyengedza vose varume nevakadzi nekuvatungamirira kubva mubasa raMwari—kuti marudzi ose evanhu azungaire saiye (Zvaka. 12:9; 2 Ni. 2:27; 9:8–9).

Jesu akanyadzisa dhiabhorosi, **Mat.** 17:18. Moto usingaperi wakagadzirirwa dhiabhorosi nengirozi dzake, **Mat.** 25:41. Rambai dhiabhorosi, ano-bva atiza kubva kwamuri, **Jkb.** 4:7. Vakaipa vachaunzwa muusungwa hwadhiabhorosi, **1 Ni.** 14:7. Dhiabhorosi ndiye baba wemanyepo ose, **2 Ni.** 2:18 (Mos. 4:4). Dhiabhorosi anotsvaka kuti vanhu vose dai vazingaira sezvaari iye, **2 Ni.** 2:27. Dai nyama yedu yanga isingazomuka, mwewa yedu yakafanira kuve pasi padhiabhorosi, **2 Ni.** 9:8–9. Dhiabhorosi achapenga

nehasha, agonyaradza, agonyenge-dza, **2 Ni.** 28:20–23. Icho chakaipa chinobva kuna dhiabhorosi, **Omu.** 1:25 (Aru. 5:40; Moro. 7:12, 17). Chenjerai nokuti gakava ringasimuke pakati penyu, uye imi mukateerera mwewa wakaipa, **Mosaya** 2:32. Kana musiri hwai dzemufudzi akanaka, dhiabhorosi ndiye mufudzi wenyu, **Aru.** 5:38–39. Dhiabhorosi haazotsigira vana vake, **Aru.** 30:60. Namatai nguva dzose kuti musatsaudzwe nemiedzo yadhiabhorosi, **Aru.** 34:39 (3 Ni. 18:15, 18). Vakai hwaro hwenyu pane Musununguri kuti dutu guru radhiabhorosi rishaye simba kwamuri, **Hir.** 5:12. Dhiabhorosi ndiye munyori wechitadzo chose, **Hir.** 6:26–31. Dhiabhorosi akatsvaka kuisa zano remanomano, **D&Z** 10:12. Zvakafanira kuti dhiabhorosi ayedze vana vevanhu, kana kuti havaizogona kuve vakazvimirira, **D&Z** 29:39. Adama akave pasi pechido chadhiabhorosi nokuti akabvuma kumuyedzo, **D&Z** 29:40. Vanakomana vekuraswa vachatonga nadhiabhorosi nengirozi dzake nokusingaperi, **D&Z** 76:33, 44. Dhiabhorosi achasungwa kwechiuru chemakore, **D&Z** 88:110 (Zvaka. 20:2). Akaipa uyo achabvisa chiedza nechokwadi, **D&Z** 93:39. Satani haana kuchengeta nzvimbo yake yekutanga, **Abr.** 3:28.

Chechi yadhiabhorosi: Yose chechi yakai-pa uye gungano renyika rinokanganisa vhangeri rakachena rakakwana richirwisana neGwayana raMwari. Satani akavamba chechi huru inonyangadza, **1 Ni.** 13:6 (1 Ni. 14:9). Kune chechi mbiri chete, imwe chete yeGwayana raMwari neimwe yadhiabhorosi, **1 Ni.** 14:10 (Aru. 5:39). Musanetsane neimwe chechi, kunze kwekunge iri chechi yadhiabhorosi, **D&Z** 18:20. Chechi huru inonyangadza ichakandwa pasi, **D&Z** 29:21.

DOMBO REMUTENGO

MUKURU. *Onawo* Magwaro

Matsvene; Smith, Joseph,

Mwana; Zvinorwa zvinoera

Umambo hwaMwari pano pasi huno-

fananidzwa ne “dombo remutengo mukuru” (Mat. 13:45–46).

Dombo remutengo mukuru izitawoo rinopiwa kurimwe remagwaro matsvene mana anodaidzwa kuti “mabhuku matsvene” eChechi ya Jesu Kristu ya Vatendi va Mazuva Ekupedzisira. Bhuku rekutanga re Dombo re Mutengo Mukuru rakaburitswa mugore re 1851 uye raive nezvimwe zvinyorwa iye zvino zvave mu Dzidziso ne Zvibvumirano. Zvakashambadzwa kubvira muna 1902 zvine (1) zvakatorwa mune zvakadudzirwa na Joseph Smith muna Genesi, zvinodaidzwa kuti bhuku ra Mosesi, nezva Mateo 24, zvinodaidzwa kuti Joseph Smith—Mateo; (2) Dudziro ya Joseph Smith yezvinyorwa zvechi Egipita zvinonzi papira zvaakawana muna 1835, zvinodaidzwa kuti bhuku ra Abrahamu; (3) zvakatorwa kubva muzvinyorwa zva Joseph Smith zvenhoroondo yeChechi ino zvaakanyora muna 1838, zvinodaidzwa kuti Nhoroondo—ye Joseph Smith; ne (4) Musimbotti weChitenderano, zvinyorwa gumi nezvitatu zverudaviro nedzidziso.

DOMBO RENHEYO. *Onawo* Jesu Kristu

Dombo guru rinoita nheyo yehwaro hwemba. Jesu Kristu anodaidzwa kuti dombo guru renheyo (VaE 2:20).

Ibwe riye rakarambwa nevavaki rave dombo guru renheyo, **Mpi.** 118:22 (Mat. 21:42–44; Marko 12:10; Ruka 20:17; Mabasa 4:10–12). MaJuda akarambwa dombo renheyo, **Jak.** 4:15–17.

DONDO RINOYERA. *Ona* Chiratidzo cheKutanga

DORO. *Ona* Shoko reUngwaru

DUDZIRA

Kutaura zvinoreva pfungwa yakapihwa munemutauro uchiyiisa zvimwecheteyo munemumwe mutauro (Mosaya 8:8–13; Mis. yeCh. 1:8). Mumagwaro matsvene chinotaurwa sechipo

chinobva kuna Mwari (Aru. 9:21; D&Z 8; 9:7–9). Dzimwe nguva zvingareve kuti kunakisa kana kugadzirisa chinhu chakaturikirwa chiripo mumutauro kana kudzorera pakare zvinyorwa zvinenge zvarasika (D&Z 45:60–61). Joseph Smith akaudzwa kuti aite kuturikira kwakafemerwa kwechinyorwa cheBhaibheri chaMambo Jemisi (D&Z 42:56; 76:15).

Joseph Smith aive nesimba rekuturikira kuburikidza netsitsi dza Mwari, nesimba ra Mwari, **D&Z** 1:29. Une chipo chekutarikira, **D&Z** 5:4. Ndinokupa chipo, kana ukachida kwandiri, kuti uturikire, **D&Z** 6:25. Mwari vakapa Joseph Smith simba kubva kumosoro rekuturikira Bhuku raMormoni, **D&Z** 20:8. Nekuyamurwa neUri mi Tumimi ndakaturikira zvimwe zvezvinhu, **Nh—JS** 1:62 (Mosaya 8:13; 28:13).

DUDZIRO YA JOSEPH SMITH (DJS). *Onawo* Smith, Joseph, Mwana

Dzokerodzo kana dudziro yeBhaibheri yakatsikiswa naMambo Jemisi muChirungu iyo yakatangwa nemuPorofita Joseph Smith muna Chikumi 1830. Akatumwa na Mwari kuti aite dudziro iyi uye akazvitora sebaso rake semuporofita.

Kana dai zvazvo Joseph akapedza kududzira kuzhinji muna Chikunguru 1833, akaramba achinatsurudza zvinyorwa izvi kudakara kufa kwake muna 1844 achingunogadzirira kuti zvishambadzwe. Kana dai zvazvo akashambadza zvimwe zvidimbu zvekududzira munguva dzeupenyu hwake, zvingangove kuti angadai akaita dzimwe shanduro dai akararama kuti ashambadze basa racho rose. Chechi Rakarongwa Zvakare ya Jesu Kristu ya Vatendi va Mazuva Ekupedzisira rakashambadza zvinyorwa zvekutanga Zvedudzira yakafemerwa ya Joseph Smith muna 1867. Vashambadza zvinyorwa zvakati-kuti kubvira panguva iyoyo.

Muporofita akadzidza zvinhu zvizhi-

nji munguva yekududzira. Zvikamu zvizhinji zveDzidzo neZvibvumirano zvakagashirwa pamusana pebasa rake rekududzira (zvakaite seD&Z 76, 77, 91, uye ne132). Zvakare, Ishe vakapa Joseph mitemo chaiyo yekududzira, yakange yakanyorwa muDzidzo neZvibvumirano (D&Z 37:1; 45:60–61; 76:15–18; 90:13; 91; 94:10; 104:58; 124:89). Bhuku raMosesi naJoseph Smith—Mateo, ayo zvino akaiswa muDombo reMutengo Mukuru, akatorwa kubva kuDudziro yaJoseph Smith.

Dudziro yaJoseph Smith yakadzorerera pakare zvimwe zvezvinhu zviri pachena uye zvinokosha izvo zvakanga zvarasika kubva muBhaibheri (1 Ni. 13). Kana dai zvazvo risiro bhaibheri rinotorwa zviri pamutemo neChechi, dudziro iyi inopa rujeko kuzvinhu zvizhinji zvinofadza uye iri inokosha zvikuru mukunzwisisa Bhaibheri. Zvakare uchapupu hwekudaidzwa kutsvene nehushumiri hweMuporofita Joseph Smith.

DZIDZISA. *Onawo Mweya Mutsvene*

Kupa ruzivo kune vamwe, kunyanya chokwadi chevhangeri, nokuvatungamirira mukururama. Avo vanodzidzisa vhangeri vakafanira kutungamirwa neMweya. Vose vabereki vadzidzisi mukati medzimhuri dzavo. Vatendi vakafanira kutsvaka uye nokuve nechido chekugamuchira mirairo nobva kuna Ishe nevatungamiri vake.

Zvidzidzisei kuvanakomana venyu, **Deut.** 4:8–9. Muchazvidzidzisa zvaka-perera kuvana venyu, **Deut.** 6:7 (Deut. 11:18–19). Fundisa mwana munzira yaakafanira kuenda, **Zir.** 22:6. Vana vako vachadzidziswa nezvalshe, **Isa.** 54:13 (3 Ni. 22:13). Tinoziva kuti uri mudzidzisi akabva kuna Mwari, **Joh.** 3:2. Iwe unodzidzisa mumwe, hauzvidzidzise iwe pachako here? **VaR.** 2:21. Ndakadzidziswa chaizvo mukufunda kwose kwababa vangu, **1 Ni.** 1:1 (Eno. 1:1). Vapirisita nevadzidzisi vakafanira kudzidzisa nekushinga kana kuti vapindurire zvitadzo zvevanhu zviri

pamisoro yavo, **Jak.** 1:18–19. Teerera kwandiri, muzurure nzeve dzenyu, **Mosaya** 2:9. Muchadzidzisa vana venyu kuti vadanane nokushandirana, **Mosaya** 4:15. Musavimba nemunhu kuti ave mudzidzisi wenyu kunze kwekunge ari munhu waMwari, **Mosaya** 23:14. Ishe vakadira Mweya wake panyika yose kugadzirira mwoyo yavo kuti igashire shoko, **Aru.** 16:16. Vakadzidzisa nesimba nemvumo yaMwari, **Aru.** 17:2–3. Vakange vakadzidziswa naanamai vavo, **Aru.** 56:47 (Aru. 57:21). Sekutsvaka kwavange vachiita ungaru vangadzidzise, **D&Z** 1:26. Dzidzisanai maererano nezvinzvimbo zvakadzakusai, **D&Z** 38:23. Dzidzisi misimboti yevhangeri rangu, iyo iri muBhaibheri nemuBhuku raMormoni, **D&Z** 42:12. Muchadzidzisa kubva kumusoro, **D&Z** 43:15–16. Vabereki vachadzidzisa vana vavo, **D&Z** 68:25–28. Dzidzisanai dzidziso yeumambo, **D&Z** 88:77–78, 118. Isai pakati penyu mudzidzisi, **D&Z** 88:122. Hamuna kudzidzisa vana venyu chiedza nechokwadi, uye ichi ndicho chikonzero chedambudziko renyu, **D&Z** 93:39–42. Dzidzisi zvinhu izvi makasununguka kuvana venyu, **Mos.** 6:57–61.

Kudzidzisa neMweya: Hamusimi munotaura, asi Mweya uyo unotaura mamuri, **Mat.** 10:19–20. Mwoyo yedu haina kupisa mukati medu here iye achitizururira magwaro matsvene? **Ruka** 24:32. Vhangeri rinoparidzwa nesimba reMweya, **I VaKori.** 2:1–14. Akataura nesimba nemvumo kubva kuna Mwari, **Mosaya** 13:5–9 (Aru. 17:3; Hir. 5:17). Muchave nemweya wangu mukupwisa vanhu, **D&Z** 11:21. Muchanzwikwa muzvinhu zvose zvamuchadzidzisa neMunyaradzi, **D&Z** 28:1 (D&Z 52:9). Kana mukasagashira Mweya musazodzidzisa, **D&Z** 42:14 (D&Z 42:6). Dzidzisi vana vevanhu zvinhu nesimba reMweya wangu, **D&Z** 43:15. Magosa vachaparidza vhangeri neMweya, **D&Z** 50:13–22. Muchazvipiwa muchinguva ichocho zvamuchataura, **D&Z** 84:85 (D&Z 100:5–8).

DZIDZISO NEZVIBVUMIRANO.

Onawo Bhuku reMirairo;
Magwaro Matsvene; Smith,
Joseph, Mwana; Zvinyorwa
zvinoera

Zvakaunganidzwa zvezvakazarurwa zvitsvene zvmazuva ekupedzisira nenhaurwa dzakafemerwa. Ishe vakapa izvi kuna Joseph Smith nekune vanove-rengeka vakauya shure kwake kuti vamise nokufambisa umambo hwa-Mwari pasi mumazuva ekupedzisira. Dzidziso neZvibvumirano rimwe remabasa ari pamwero emagwaro matsvene muChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, pamwechete neBhaibheri, Bhuku raMormoni, ne-Donbo Remutengo Mukuru. Dzidziso neZvibvumirano ndiro rega, nokuti harizi dudziro yemagwaro epasichigare; Ishe vakapa zvakazarurwa izvi kuvaporo-fita vavo vakasarudzwa muzuva re-nguva ino kuitira kudzorera umambo hwake. Mune zvakazarurwa munhu anonzwa izwi rakapfava asi rakasimba raIshe Jesu Kristu (D&Z 18:35–36).

Muporofita Joseph Smith akati izvo Dzidziso neZvibvumirano ndihwo hwaro hweChechi mumazuva ekupe-dzisira uye zviri chibatsiro kunyika (D&Z 70:musoro wenyaya). Zvakazarurwa zviri mariri zvinotangisa basa rekugadzirira nzira yaIshe yekuuya kwechipiri, mukuzadzikisa ose mazwi akataurwa namaporofita kubvira kutanga kwenyika.

DZIDZISO YAKRISTU. *Onawo*

Hurongwa hweRununuro;
Vhangeri

Hurongwa nedzidziso dzevhangeri raJesu Kristu.

Dzidziso yangu ichadonha semvura, **Deut.** 32:2. Avo vakanyunyuta vachadzidza dzidziso, **Isa.** 29:24. Vanhu vakashamiswa nedzidziso yake, **Mat.** 7:28. Dzidziso yangu haizi yangu, asi ndeye uyo akandituma, **Joh.** 7:16. Rose gwaro dzvene rine rubatsiro rwedzidziso, **II Tim.** 3:16. Iyi ndiyo dzidziso yaKristu, uye ndiyo chete

yechokwadi dzidziso yaBaba, **2 Ni.** 31:21 (2 Ni. 32:6). Hapazova nekupokana pakati penyu maererano nezvino-ngedzo zvedzidziso yangu, **3 Ni.** 11:28, 32, 35, 39–40. Satani anokuchidzira mwoyo yevanhu mukukakavadzana maererano nezvinhu zviri mudzidziso yangu, **D&Z** 10:62–63, 67. Dzidzisa vana dzidziso yekutendeuka, nerute-ndo muna Kristu, rubhabhatidzo, uye nechipo cheMweya Mutsvene, **D&Z** 68:25. Dzidzisanai dzidziso yeuma-mbo, **D&Z** 88:77–78. Dzidziso yehupiri-sita ichadururirwa pamweya wako, **D&Z** 121:45.

DZIKINURA. *Onawo* Akanunurwa;

Anetsitsi; Asingafe; Azere
nyasha, Nyasha; Getsemani;
Hurongwa hweRununuro; Jesu
Kristu; Kumuka kuvakafa;
Kupunzika kwaAdama naEva;
Kuregererwa kwezvitadzo;
Kuroverwa; Kutsveneswa;
Muchinjikwa; Mupiro; Natsa;
Nyasha; Regerera; Ropa;
Ruponeso; Rutendeuko;
Sakaramende; Vana vaKristu;
Vanakomana neVanasikana
vaMwari

Kuwadzanisa munhu kuna Mwari.

Sekushandiswa kwazvinoitwa mu-magwaro matsvene, kudzikinura ku-rangirwa chiito chechitadzo, izvozvo zvichibva zvbvisa mubairo vechitadzo kumutadzi anenge atendeuka uyezve zvoita kuti agone kuwadzana naMwari. Jesu Kristu ndiye chete aikwanisa kudzikinyra zvizere marudzi evanhu ose. Aikwanisa kuita izvi pamusana pekusarudzwa nekufanogadzwa kwake mu-Dare Guru nyika isati yaumbwa (**Eta** 3:14; **Mos.** 4:1–2; **Abr.** 3:27), huMwanakomana hwake hutsvene, neupenyu hwake husina chitadzo. Rudzikinuro rwake rwakasanganisa kutambudzikira kwake zvitema zveamarudzi evanhu muBindu reGetsemani, kudeuka kwe-ropa rake, nekufa kwake nekuzomuka kwake kuvakafa kubva muguva (**Isa.** 53:3–12; **Mosaya** 3:5–11; **Aru.** 7:10–13). Pamusana peRudzikinuro, vose vanhu

vachamuka kuvakafa nemiviri isingafi (I VaKori. 15:22). Rudzikinuro rwunotawo kuti tive nenzira yekuti tiregere-rwe zvitadzo zvedu kuti tigare zvachose naMwari. Asi munhu anenge asvika zera rekugona kuzvifungira akagashira mutemo, anokwanisa kugashira maropafadzo aya chete kana aine ruvimbo muna Jesu Kristu, atendeuka kubva kuzvitadzo zvake, atambira zvisungo zveruponeso, uye achiteerera mirairo yaMwari. Avo vasingasvike zera rekugona kuzvifungira neavo vasi-na mutemo vano nunurwa kuburikidza nerudzikinuro (Mosaya 15:24-25; Moro. 8:22). Magwaro matsvene anodzidzisa zviri pachena kuti dai Kristu asina kudzikinura zvitadzo zvedu, hakuna murau, chisungo, kana kuzvipira kwizogutsa zvaidiwa nokutonga kweruenzaniso, uye hakuna munhu aizombofa akasvika zvakare pamberi paMwari (2 Ni. 2; 9).

Iri iropa rangu, rakadeurirwa vazhinji kuripira zvitadzo zvavo, **Mat.** 26:28. Dikita rake rakave sezvazvakange zvichinge madonhwe makuru eropa, **Ruka** 22:39-44. Ndichapira nyama yangu upenyu hwenyika, **Joh.** 6:51. Ndini rumuko kuvakafa, neupenyu, **Joh.** 11:25. Kristu ndiye munyori weruponeso rwusingaperi kune vose avo vanoteerera, **VaH.** 5:9. Takacheneswa nekudeurwa kweropa raKristu, **VaH.** 9; 10:1-10. Kristu uyewo ane nguva yaakatambudzikira zvitadzo, **I Pet.** 3:18. Ropa raJesu Kristu rinotisuka isu kubva muzvitadzo zvose, **I Joh.** 1:7. Akasimudzwa akaiswa pamuchinjikwa uye akaurirwa zvitadzo, **1 Ni.** 11:32-33. Rudzikinuro rwunouya kune avo vane mwoyo yakatyoka nemweya wapakfava, **2 Ni.** 2:3-10, 25-27. Akazvipa pachake kuti ave chipiro chechitadzo, **2 Ni.** 2:7. Rudzikinuro rwunoripira vanhu kubva pakupunzika rwuchivayamura kuti vasaone rufu negehena, **2 Ni.** 9:5-24. Zvakafanira kuti ruve rudzikinuro rwusingavengeke, **2 Ni.** 9:7. Wadzanai kuna Mwari kuburikidza nerudzikinuro rwaKristu, **Jak.** 4:11. Ropa rake rinodzikinura avo vakata-

dza nokusaziva, **Mosaya** 3:11-18. Munhu akatambira ruponeso kuburikidza nerudzikinuro, **Mosaya** 4:6-8. Dai rwakanga rwusiri rudzikinuro, vaifanira kuparara pasina kunzvenga, **Mosaya** 13:27-32. Achadzikinurira zvitema zvenyika, **Aru.** 34:8-16. Mwari pachavo anodzikinurira zvitadzo zvenyika, kuti urongwa hwetsitsi huuye, **Aru.** 42:11-30. Ndini Mwari wepasi rose, ndakaurirwa zvitema zvenyika, **3 Ni.** 11:14. Ini, Mwari, ndakatambudzwa muzvinhu izvi kuiitira vose, **D&Z** 19:16. Vana vadiki vanonunurwa kuburikidza newangu Mumwechete Akaberekwa, **D&Z** 29:46-47. Tarisai muone kutambudzika nerufu rweuyo asina kuita chitadzo, **D&Z** 45:3-5. Chinhu ichi chakafanana nekuzvipira kweMumwechete Akaberekwa, **Mos.** 5:7. Kuburikidza neRudzikinuro rwaKristu, marudzi ose evanhu angangoponeswa, **Mis. yeCh.** 1:3.

EDENI. *Onawo* Adama; Eva

Musha wevabereki vedu vekutanga, Adama naEva (Gen. 2:8-3:24; 4:16; 2 Ni. 2:19-25; Mosaya 3, 4; Abr. 5), rakamiswa sebindu, kumabvazuva kweEdeni. Adama naEva vakaburitswa muEdeni mushure mekudya muchero wairambidzwa nokuve vanofa (Mosaya 4:29). Zvakazarurwa zvezmazuva ekupedzisira zvinotsinhira rungano rwemubhaheri rweBindu reEdeni. Zvinopamhidzira mashoko anokosha ekuti bindu iri rakanga riri pave kunzi zvino nyika ye North America (D&Z 116; 117:8).

EFRAIMI. *Onawo* Bhuku raMormoni; Israeri; Josefa, Mwanakomana waJakobo; Manase

MuTestamente yaKare, mwanakomana wechipiri waJosefa naAsenati (Gen. 41:50-52; 46:20). Zvisingaenderane netsika yemagariri avo, Efraimi akatambira maropafadzo ehudangwe pane kuti apihwe Manase, akange ari iye mwanakomana mukuru (Gen. 48:17-20). Efraimi akave baba werudzi rwema Efraimi.

Rudzi rwaEfraimi. Efraimi akapiwa hudangwe muIsraeri (I Mak. 5:1–2; Jer. 31:9). Mumazuva ekupedzisira ne-basa ravo kutakura hupirisita, kuenda neshoko revhangeri rakadzorerwa pasi rose, nokusimudza mureza kuti vaunganidze Israeri yakapararira (Isa. 11:12–13; 2 Ni. 21:12–13). Vana va-Efraimi vachagadza nokubwinya avo vanobva kunyika dziri kuchamhembe vanodzoka mumazuva ekupedzisira (D&Z 133:26–34).

Rukuni rwaEfraimi kana Josefa: Zvinyorwa zvechikwata chimwechete kubva kurudzi rwaEfraimi chakatumamirwa kubva Jerusarema kuenda America kuma 600 Kristu asati azvarwa. Zvinyorwa zvechikwata ichi zvinonzi rukuni rwaEfraimi kana Josefa, kana Bhuku raMormoni. Iro nerukuni rwa-Juda (Bhaibheri) anoita uchapupu hwakabatanidzwa hwaIshe Jesu Kristu, kumuka kwake kuvakafa, nebasa rake dzvene muzvikamu zviviri izvi zve-mba yaIsraeri.

Bazi raEfraimi richatyorwa rigonyora imwe Testamente yaKristu, **DJS, Gen. 50:24–26, 30–31.** Rukuni rwaJuda nerukuni rwaJosefa ruchave rwumwechete, **Ezk. 37:15–19.** Zvinyorwa zvaJuda na Josefa zvichakura pamwechete, **2 Ni. 3:12.** Ishe vanotaura kumarudzi mazhinji, **2 Ni. 29.** Kiyi dzezvinyorwa zverukuni rwaEfraimi dzakapihwa kuna Moronai, **D&Z 27:5.**

EGIPITA

Nyika iri kudivi reAfrica rekuchamhembe kwakadziva kumabvazuva. Nzvimbo huru yeEgipita igwenga risina chinhu. Vazhinji vevagari vagere muNhika yeNairi, inotambanuka kwe-makiromita 890.

Egipita yepasi chigare yakanga yakapfuma nekubudirira. Mabasa makuru eruzhinji akavakwa, kusanganisa nemigero yekudiridzisa; maguta akasimba ekuzvidzivirira; nemifananidzo yemadzimambo, kunyanya makuva emapiramidi nedzitemberi, zvichiri pakati pezvishamiso zvepasi. Kwechi-

nguva, hurumende yeEgipita yaitevedzera hurongwa hwamadzibaba hwehupirisita (Abr. 1:21–27).

Abrahama naJosefa vakatumamirwa kuEgipita kuti vaponese mhuri dzavo kubva munzara, **Gen. 12:10** (Gen. 37:28). Josefa akatengeswa kuEgipita, **Gen. 45:4–5** (1 Ni. 5:14–15). Jakobo akatumamirwa kuEgipita, **Gen. 46:1–7.** Mosezi akatumamira vana velsraeri kubva muEgipita, **Eks. 3:7–10; 13:14** (VaH. 11:27; 1 Ni. 17:40; Mos. 1:25–26). Egipita yaive mucherechedzo vezvakai-pa, **Ezk. 29:14–15** (Hos. 9:3–7; Abr. 1:6, 8, 11–12, 23). Ngirozi yakataurira Josefa kuti atize naMaria naJesu vapiinde mu-Egipita, **Mat. 2:13** (Hos. 11:1).

EGIPITASI

Zita remudzimai nemwanasikana wa-Hami, mwanakomana waNoa. Muchi-Kardea, zita rinoreva Egipita, kana icho chinorambidzwa (Abr. 1:23–25.)

EKSODO. *Onawo* Magwaro mashanu emutemo

Bhuku rakanyorwa naMosezi muTestamente yaKare rinotsanangura kusimuka kwemaIsraeri vachibva muEgipita. Rungano rwekutanga rweIsraeri sekunyorwa kwarwakaitwa muEksodo rwunogona kuiswa muzvikamu zvitatu: (1) hutapwa hwevanhu kuEgipita, (2) kubva kwavo muEgipita vari pasi pehutungamiri hwaMosezi, uye (3) kuvipira kwavo mubasa raMwari muopenyu hwavo hwekunamata neupenyu hwavo hwezvematongerwo enyika.

Chikamu chekutanga, zvitsauko 1–15, zvinotsanangura kudzvinyirirwa kwemaIsraeri muEgipita; nhorroondo yekutanga nekudaidzwa kwaMosezi; Eksodo nekuitwa kwePaseka; kufamba kuenda kuGungwa Dzvuku, kuparadzwa kwemauto aFarao, nerwiyo rwa-Mosezi rwekukunda.

Chikamu chechipiri, zvitsauko 15–18, zvinotaura nezverununuro rwaIsraeri nezvakaitika parwendo rwekubva paGungwa Dzvuku kuenda kuSinai; mvura dzinovava dzeMara, kupiwa kwezvihuta nemana, kuchengetedza

sabata, chishamiso chechipo chemvura paRefidimi, nehondo ipapo nema-Amarekai; kusvika kwaJetero mukamba uye kuraira kwake pamusoro pematongerwo evanhu.

Chikamu chechitatu, zvitsauko 19–40, chinobata zvekuzvipira kwelsraeri kubasa raMwari panguva yezvinhu zvaiyera paSinai. Ishe vakatsaura vanhu vacho seumambo hwevapirisita nerudzi rwutsvene; akapa Mirairo ineGumi; uye akapa dzidziso nezveta-bernakeri, zvinoiswamo, nemanamatiro aaitwa maiiri. Zvino kotevera chinyorwa chechitadzo chevanhu mukunamata mhuru yegoridhe, uye pekupedzisira nyaya yekuvakwa kwetabernakeri nokupa zvinoshandiswa papaba nayo.

EMANUERI. *Ona* Imanueri

ENDAWUMENTI. *Onawo* Temberi,
Imba yaIshe

Mukutaura zvako, chipo chesimba kubva kuna Mwari. Nhengo dzakakodzera dzeChechi dzinehunhu dzakaurama dzinogona kugashira chipo chesimba kuburikidza nezvisungo mutemberi izvo zvinovapa dzidzo nezvibvumirano zveHupirisita Hutsvene uhwo hwavanoda kuti vawane kusimudzirwa. Endawumenti inosanganisa kurairwa pamusoro pezvehurongwa hweruponeso.

Ikoko muchapiwa simba rinobva kumusoro, **D&Z** 38:32, 38 (**Ruka** 24:49; **D&Z** 43:16). Vakai imba, imomo mumba ndinoronga kupa zvipo avo vanda-kasarudza, **D&Z** 95:8. Ndakagadzira endawumenti huru nemaropafadzo, **D&Z** 105:12, 18, 33. Vazhinji vachafara pamusana peendawumenti iyo yakaiswa pavaranda vangu, **D&Z** 110:9. Kubwinya, kukudzwa, neendawumenti zvinogadzwa nezvisungo zvemba yangu tsvene, **D&Z** 124:39. Avo vakadaidzwa naBaba, sezvakaitwa Aroni, vanopiwa zvipo nemakiyi ehupirisita, **D&Z** 132:59.

ENOKI. *Onawo* Zioni

Muporofita akatungamira vanhu vegu-

ta reZioni. Mharidzo yake inokurukurwa muTestamente yaKare neDombo Remutengo Mukuru. Ndiye akave tateguru wechinomwe kubva kuna Adama. Aive mwana wajaredi uye baba va-Metusara (**Gen.** 5:18–24; **Ruka** 3:37).

Enoki aive munhu mukuru uye kuparidza kwake kwakanga kwakakosha kupfuura zvinoratidzwa murungano rwake muBhaibheri. Bhaibheri rinoti akatorwa (**VaH.** 11:5) asi haripe zvakadzama zvekuparidza kwake. Judasi 1:14 ine chitapwa chemazwi echiporofita chaakaita. Zvakazarurwa mumazuva ekupedzisira zvinotsanangura zvakati wandei nezvaEnoki, kunyanya nezvekuparidza kwake, guta rake rinonzi Zioni, zviratidzo zvake, nezviporofita zvake (**D&Z** 107:48–57; **Mos.** 6–7). Zioni yakatorwa ikaendwa nayo kudenga pamusana pekururama kweavo vaimbira mairi (**Mos.** 7:69).

Mwari vakazviratidza kuna Enoki, **Mos.** 6:26–37. Enoki akadzidzisa vhangeri, **Mos.** 6:37–38. Enoki akadzidzisa vanhu uye akamisa Zioni, **Mos.** 7:1–21. Enoki akaona zvichauya kusvika pakuuya kwechipiri kwaKristu, **Mos.** 7:23–68.

ENOSI, MWANAKOMANA WAJAKOBHO

Muporofita wechiNifai uye aiva mu-chengeti wezvinyorwa muBhuku raMormoni akanamatira uye akagashira ruregerero rwezvitadzo zvake kuburikidza nerutendo rwake muna Kristu (**Eno.** 1:1–8). Ishe vakabvumirana naEnosi kuunza Bhuku raMormoni kumaRamani (**Eno.** 1:15–17).

Bhuku raEnosi. Bhuku riri muBhuku raMormoni rinotaura pamusoro pemunamato waEnosi kuna Ishe veruregerero, wevanhu vavo, uye nevamwe. Ishe vakamuvimbisa kuti Bhuku raMormoni richachengetedzwa uye rigoitwa kuti riwanikwe kumaRamani mune rimwe zuva mberi. Kana dai zvazvo bhuku iri riine chitsauko chimwechete, rinotaura rungano rwune simba rwemurume akatsvaga Mwari vake mumunamato,

akagara achiteerera mirairo yaMwari, uye asati afa akafara neruzivo rwake rweMununuri.

ERI. *Onawo* Samueri, Muporofita wemuTestamente yaKare

Mupirisita wepamusoro nemutongi muTestamente yaKare panguva Ishe vakaidza Samueri kuti ave muporofita (I Sam. 3). Ishe vakamutsiura pamusana pekuregerera kuipa kwevanakomana vake (I Sam. 2:22–36; 3:13).

ERIA. *Onawo* Erija

Kune mashandisirwo mazhinji ezita kana mudzidzirwo waEria mumagwaro matsvene:

Erija: Eria manyorero eMuTestamente Itsva echiGiriki Erija (chiHeberu), semuna Mat. 17:3–4, Ruka 4:25–26, naJkb. 5:17. Munguva dzose idzi Eria aive muporofita wepasi chigare Erija ane mabasa ake akanyorwa mu1 uye II Madzimambo.

Mutumwa vemberi: Eria mudaidzirwo weuyo anotanga kufanoenda mberi. Semufananidzo, Johane Mubapatidzi aive Eria nokuti akatumwa kuzogadzira nzira yaJesusu (Mat. 17:12–13).

Mudzorori: Mudaidzirwo Eria unopi-hwira kune vame vaive nemabasa akatorwa ekuti vazadzikise, saJohane Muzaruri (D&Z 77:14) naGabrieri (Ruka 1:11–20; D&Z 27:6–7; 110:12).

Munhu ari mumukawo waAbrahama: Muporofita ainzi Isayasi kanaEria uya ari pachena kuti aigara mumazuva aAbrahama (D&Z 84:11–13; 110:12).

ERIJA. *Onawo* Eria; Kusunga; Ruponeso

Muporofita wemuTestamente yaKare akadzoka mumazuva ekupedzisira kuzounza kiyi dzesimba resungani-dzo kuna Joseph Smith naOliver Cowdery. Muzuva rake Erija aaitira basa muUmambo hweKuchamhembe kwaIsraeri (I Madz. 17–II Madz. 2). Aive norutendo rukuru muna Ishe uye achizivikanwawo nezvishamiso zvizhinji.

Akamisa kunaya kwemvura kwemakore matatu nemwedzi mitanhatu. Akamutsa mukomana kubva mukufa uye akaidza moto kubva kudenga (I Madz. 17–18). Majuda achiri kumirira kuti Erija adzoke, sekuporofita kwakaita Maraki kuti achadzoka (Mara. 4:5). Achingori muyeni akakokwa pamabiko epaseka yemaJuda apo musiu wakazarurwa nechigaro chisina munhu zvinogara zvakamumirira.

Muporofita Joseph Smith akati Erija aive nesimba resungani reHupirisita hwaMerkizedeki uye ari muporofita wekupedzisira kuita izvi nguva yaJesusu Kristu isati yasvika. Akazvionesa paGomo reKushandurwa aina Mosesi uye akapa makiyi ehupirisita kuna Petro, Jakobo naJohane (Mat. 17:3). Akazviratidza zvakare, aina Mosesi nevamwe, musi wa3 Kubvumbi 1836, muTemberu yeKirtland, Ohio ndokupa makiyi mamwecheteyo kuna Joseph Smith naOliver Cowdery (D&Z 110:13–16). Zvose izvi kwaive kugadzirira kuu-ya kwechipiri kwalshe, sekutaurwa kwazvakaitwa muna Maraki 4:5–6.

Simba raErija ndiro simba resunga rehupirisita rinoita kuti zvinhu zvinosungunudzwa kana kusunungurwa pano pasi zvinosungunidzwa kana kusunungurwa kudenga (D&Z 128:8–18). Varanda vaIshe vakasarudzwa pano pasi nhasi vane simba rekusungani-dza iri vanoita zvisungo zvekuponesa zvehangeri zvevanhu vapenyu nevakafa (D&Z 128:8).

Akasunganidza matenga uye akapiwa zvekudya nemakunguwo, **I Madz.** 17:1–7. Akataurira dende rehupfu nedende remafuta echirikadzi kuti zvisakundikana, **I Madz.** 17:8–16. Akamutsa mwana komana wechirikadzi kubva murufu, **I Madz.** 17:17–24. Akakunda vapirisita vaBaari, **I Madz.** 18:21–39. Kazwi kakanyarara kadiki kakataura kwaari, **I Madz.** 19:11–12. Akakwira kudenga nengoro yemoto, **II Madz.** 2:11. Maraki akaporofita kudzoka kwake mumazuva ekupedzisira, **Mara.** 4:5–6 (3 Ni. 25:5). Akazviratidza muTemberu yeKirtland Ohio muna 1836, **D&Z** 110:13–16.

ERISABETE. *Onawo* Johane
Mubapatidzi

MuTestamente Itsva, mudzimai waZa-
karia, amai vaJohane Mubapatidzi, ari
hama yaMaria (Ruka 1:5–60).

ERISHA

MuTestamente yaKare muporofita we-
Umambo hweKuchamhembe hwaIsrae-
ri uye mupi wemazano aivimbika ku-
madzise akati kuti enyika iyoyo.

Erisha aive nehunhu hwakapfava
uye hune rudo, asina dziye shungu
dzaityisa idzo dzaizivikanwa nadzo
tenzi wake, Erija. Zvishamiso zvake
zvaizivikanwa (II Madz. 2–5; 8) zvinopu-
pura kuti chokwadi akatambira
simba raErija paakatora nzvimbo ya-
Erija semuporofita (II Madz. 2:9–12).
Semufananidzo, akarapa mvura dze-
chisipiti chaivava, akatsemura mvura
dzeRwizi rweJordan, akawanza mafuta
echirikadzi, akamutsa mukomana ku-
bva murufu, akarapa murume mape-
re, akaita kuti demo resimbi riti
yangarara, uye akarova vaSiria neu-
pofu (II Madz. 2–6). Kuparidza kwake
kwakaita makumi mashanu emakore
munguva dzekutonga kwaJehorami,
Jehu, Jehoahazi, na Joashi.

Akatambira nguvo yaErija, **II Madz.**
2:13. Akaita kuti matafa echirikadzi
awande, **II Madz.** 4:1–7. Akamutsa
mwana wemukadzi muShunami kubva
murafu, **II Madz.** 4:18–37. Akarapa Na-
mani, muSiria, **II Madz.** 5:1–14. Akapo-
fomadza masoja emaSiria, uye maziso
evaranda vake akazururwa, **II Madz.**
6:8–23.

EROHIMI. *Ona* Baba Vekudenga;
Mwari, Musoro hwehuMwari

ESAU. *Onawo* Isaka; Jakobo,
Mwanakomana waIsaka

MuTestamente yaKare, mwanakoma-
na mukuru waIsaka naRebeka ari
munyambiri waJakobo. Manyambiri
ava vaive vakwikwidzani kubvira
pakuzvarwa kwavo (Gen. 25:19–26).
Vedzinza raEsau, vaEdomi, nedzinza

raJakobo, vaIsraeri, vakave marudzi
anorwisana (Gen. 25:23).

Esau akatengesa hudangwe hwake
kuna Jakobo, **Gen.** 25:33 (VaH. 12:16–
17). Esau akarooro vakadzi vechiHeti
zvakuwisa vabereki vake, **Gen.** 26:34–
35. Jakobo naEsau wakawadzaniswa,
Gen. 33.

ESTERE

Mukadzi werutendo rukuru ari iye ano-
taurwa zvikuru mubhuku raEstere.

Bhuku raEstere: Bhuku riri muTestame-
nte yaKare rine rungano rwekusatya
kwamambokadzi Estere mukuponesa
vanhu vake kubva mukuparadzwa.

Zvitsauko 1–2 zvinotaura kuti Estere,
mudzimai wechiJuda uye mwanasikana
akarerwa nemurume wechiJuda ainzi
Mordekai, akasarudzwa samamboka-
dzi wePersia pamusana perunako
rwake. Chitsauko 3 chinotsanangura
kuti Hamani, mukuru padare rama-
mbo, aivenga Mordekai akawana
mvumo yekuti maJuda ose auraiwe.
Zvitsauko 4–10 zvinotaura Estere, mu-
kati mengozi huru kwaari, akabuda
pachena kuna mambo maererano neru-
dzi rwake uye akwana kushandurwa
kwemutemo.

ETA. *Onawo* MaJaredhi

Muporofita wekupedzisira wechiJare-
dhi muBhuku raMormoni (Eta 12:1–2).

Bhuku raEta: Bhuku riri muBhuku
raMormoni rine zvikamu zvezvinyo-
rwa zvemaJaredhi. MaJaredhi vaive
chikwata chevanhu vaigara kuchidi-
mbu chekumadokero chepasi rino
zviuru nezviuru zvevakore vanhu
vaRihai vasati vavepo. Bhuku raEta
rakatorwa pamahwendefa makumi ma-
viri nemana akawanikwa naRimu-
hai (Mosaya 8:8–9).

Zvitsauko 1–2 zvinotaura nekusiya
kwakaita maJaredhi misha yavo pa-
nguva yeShongwe yeBaberi vakatanga
rwendo rwavo kune inozivikanwa iye
zvino senyika yeAmerica. Zvitsauko
3–6 zvinotsanangura kuti hama ya-
Jaredhi akaona Muponesi asati ave

nemuviri nofa nokutiwo majaredhi vaifamba vari mumagwa masere. Zvitsauko 7–11 zvinoenderera mberi nerungano rwekuipa kwakanga kuri kukuru murungano rwemajaredhi. Moronai, akazopepete mushure zvinyorwa zvaEta, akanyora muzvitsauko 12–13 nezvishamiso zvinoitwa nerutendo naKristu neJerusarema Idzva richauya. Zvitsauko 14–15 zvinotaura kuti majaredhi akare rudzi rwune mukurumbira sei, asi vakaparadzwa nekurwisana pachavo pamusana pekuipa.

EVA. *Onawo* Adama; Edeni;

Kupunzika kwaAdama naEva

Munhukadzi wekutanga kugara pano pasi (Gen. 2:21–25; 3:20). Aive mukadzi waAdama. MuchiHeberu zita iri rinoreva “upenyu” richiratidzawo kuti Eva aiva amai vekutanga panyika (Mosaya 4:26). Iye naAdama, murume wekutanga, vachagovana kubwinya kwokusingaperi nebase ravo rekuti zvikwanisike kuti vanhu vose vagone kunderera kuupenyu hwokusingaperi.

Eva akaedzwa akadya muchero wakarambidzwa, **Gen.** 3 (2 Ni. 2:15–20; Mosaya 4). Eva akaziva kuti Rupunziko rwaifanirwa akazivawo nomufaro werunuro, **Mos.** 5:11–12. Aive Mutungamiri weChechi Joseph F. Smith akawona Eva muchiratidzo chake chenye yemweya, **D&Z** 138:39.

EZEKIERI

Muporofita akanyora bhuku raEzekieri muTestamente yaKare. Akanga ari mupirisita wemhuri yaZadoki uye mumwe wevasungwa vemajuda vakatakurwa naNebukadnezari. Akagara nemaJuda vaive vasiri kunyika yavo muBabironi uye akaporofita kwenguva yemakore makumi maviri nemaviri, kubvira muna 592 kusvika 570 Kristu asati azvarwa.

Bhuku raEzekieri: Bhuku raEzekieri rinozona kupatsanurwa muzvikamu zvina. Zvitsauko 1–3 zvinotaura nezvechiratidzo chaMwari nekudaidzwa kwa-

Ezekieri kuti ashande; zvitsauko 4–24 zvinotaura nezvirango pamusoro peJerusarema nekuti ngeyi zvakapihwa; zvitsauko 25–32 zvinotaura zvirango pamusoro pemarudzi; uye zvitsauko 33–48 zvinonyora zviratidzo zvezvazva ekupedzisira aIsrairi.

EZRA

Mupirisita wemuTestamente yaKare uye ari munyori akaunza vamwe vemaJuda kuJerusarema kubva kuhungwa hweBabironi (Ezra 7–10; Neh. 8, 12). Muna 458 Kristu asati azvarwa akawana mvumo kubva kuna Artashasta, mambo wePersia, kuti atore wose musungwa wechiJuda ainge achida kuenda kuJerusarema (Ezra 7:12–26).

Ezra asati avepo, vapirisita ndivo vainge vane masimba pamusoro pezvekuverengwa zvakaunganidzwa zvezvinyorwa zvezmagwaro matsvene zvainzi “mutemo.” Ezra akayamura kuti magwaro matsvene awanikwe nemuJuda wose. Kuverengwa kuri pachena kwe “bhuku remutemo” kwakazove kuti kuve papakati peupenyu hwose hwemaJuda. Zvimwe kudzidzisa kwaEzra kukuru-kuru kwakauya kubva muchienzaniso chake mukugadzirira mwoyo wake mukutsvaka mutemo waIshe, kuuteerera, nokuudzidzisa kune vamwe (Ezra 7:10).

Bhuku raEzra: Zvitsauko 1–6 zvinotsanangura zvinhu zvakaaitika kubvira makore makumi matanhatu kusvika makumi masere Ezra asati asvika muJerusarema — chierevo chaKoreshi muna 537 Kristu asati azvarwa uye kudzoka kwemaJuda pasi paZerubaberi. Zvitsauko 7–10 zvinoratidza kuti Ezra akaenda sei kuJerusarema. Iye, nechikwata chake, vakatsanya uye vakanamata kuti vadzivirirwe. KuJerusarema vakaona maJuda vazhinji vakanga vataanga kuenda Jerusarema pasi paZerubaberi uye vakanga varoora vakadzi vari kunze kwechibvumirano nokudaro vakanga vazvisviba. Ezra akavanamata uye akavaisa pasi pechibvumirano kuti varambe vakadzi ivavo. Rungano

rwekupedzisira rwaEzra rwunowani-kwa mubhuku raNehemia.

FAMBA, FAMBA NAMWARI.

Onawo Akarurama; Anoteerera; Nzira

Kuve mukuwirirana nedzidziso yaMwari nokugara kunodiwa naMwari kuti vanhu vavo vararame vagove vanogashira; nekuteerera kutunhwa neMweya Mutsvene.

Ndingangovaedza, kuti vachafamba mumutemo wangu here, kana kuti kwe-te, **Eks.** 16:4. Hapana chinhu chakanaka chavachanyimwa avo vanofamba vakawasana, **Mpi.** 84:11. Avo vanofamba mumurau wangu vachichengeta zvisungu zvangu vachave vanhu vangu, **Ezk.** 11:20–21 (Deut. 8:6). Ko Ishe vanoda chimwe chii kwamuri asi kuti mufambe makazvirereka naMwari? **Mika** 6:8 (D&Z 11:12). Fambai muchiedza, sezvo Mwari vari muchiedza, **I Joh.** 1:7 (II Joh. 1:6; 4 Ni. 1:12; III Joh. 1:4). Fambai mukanzira kakamanikana kanoenda kuopenyu, **2 Ni.** 33:9. Mambo Benjamini aifamba asina chaanotya pamberi paMwari, **Mosaya** 2:27. Basa renyu kufamba musina chamunoshorwa mugungano dzvvene raMwari, **Aru.** 7:22. Nhengo dzeChechi dzicharatidza kufamba kweumwari nemukukurukura, **D&Z** 20:69. Teererai kumuporofita uye mufambe muutsvene hwose pamberi paIshe, **D&Z** 21:4. Dzidzisi vana kunamata nekufamba vakaswatanuka pamberi paIshe, **D&Z** 68:28. Garai mandiri, uye Ini mamuri; saka fambai neni, **Mos.** 6:34.

FARAO. *Onawo* Egipita; Egipitasi

Mwanakomana mukuru waEgipitasi, mwanasikana waHami (Abr. 1:25). Zvakare zita raipiwa kumadzimambo eEgipita (Abr. 1:27).

FAYETE, NEW YORK (USA)

Nzvimbo yepurazi raPeter Whitmer, Baba, apo pakapiwa zvakarurwa zvaka-wanda kuna Muporofita Joseph Smith, Mwana. Ipapa ndipo pakaro-

ngwa Chechi musu wa6 Kubvumbi mugore ra1830 uye izwi raIshe rikan-zwikwa (D&Z 128:20).

FIREMONI. *Onawo* Pauro

Murume wechiKristu muTestamente Itsva aive muridzi wenhapwa Onesimo, akatiza akanobatana naPauro. Pauro akatumira Onesimo kudzokera kuna Firemoni netsamba yaikumbira Firemoni kuti aregerere nhapwa iyi.

FIREMONI, MAGWARO KUNA.

Onawo Pauro; Magwaro aPauro

Bhuku riri muTestamente Itsva, rakatorwa mutsamba yakanyorwa naPauro. Tsamba yaPauro kuna Firemoni itsamba isiri yavazhinji yakanyorwa pamusoro paOnesimo, nhapwa yakanga yabira tenzi wayo, Firemoni, ndokutizira kuRoma. Pauro akamudzore-ra kuna tenzi wake kuKorose aina Tikiko, mutakuri wetsamba yaPauro kuvaKorose. Pauro akakumbira kuti Onesimo aregererwe agogashirwa semumwe muKristu. Pauro akanyora tsamba iyi ari mutirongo muRoma kekutanga.

FIRIPO

MuTestamente Itsva, Firipo, weBetsaida, akanga ari mumwe weVaapositori vaneGumi neVaviri vekutanga veMuponesi (Mat. 10:2–4; Joh. 1:43–45).

Mumwe Firipo aive mumwe wevanomwe vakasarudzwa kuti vayamure Vaapositori vaneGumi neVaviri (Mabasa 6:2–6). Akaparidza muSamaria nekumunhu weEtiopia akasunungurwa (Mabasa 8).

FODYA. *Ona* Shoko reUngwaru

FUNGISISA. *Onawo* Munamato; Zvakazarurwa

Kufunga zvakadzama, kazhinji pamusoro pemagwaro matsvene kana zvinhu zvaMwari. Zvikabatanidzwa nemunamato, muchifunga zvinhu zvaMwari zvinogona kuunza zvakarurwa neku-nzwisisa.

Maria akafungisia zvinhu izvi mu-mwoyo make, **Ruka** 2:19. Zvandakange ndigere ndichifungisisa mumwoyo mangu ndakatorwa, **1 Ni.** 11:1. Mwoyo wangu wakafungisisa nezvemagwaro matsvene, **2 Ni.** 4:15. Nifai akadzokera, achifungisisa pamusoro pezvinhu izvo Ishe akanga amuratidza, **Hir.** 10:2–3. Endai kumisha yenyu munofungisisa pamusoro pezvinhu zvandataura, **3 Ni.** 17:3. Rangarirai kuti Ishe vange vaine tsitsi zvakadii, muzvifungisise mumwoyo yenyu, **Moro.** 10:3. Fungisi-sai pamusoro pezvinhu zvamagashira, **D&Z** 30:3. Patange takadzamisa pfungwa pamusoro pezvinhu izvi, Ishe vabata maziso ekunzwisisa kweedu, **D&Z** 76:19. Ndakagara mumba mangu ndichifungisisa zvakadzama pamusoro pemagwaro matsvene, **D&Z** 138:1–11. Ndakazvifunga ndazvifunga zvakare, **Nh—JS** 1:12.

GABRIERI. *Onawo* Maria, Amai vaJesu; Ngirozi; Noa, Tateguru vemuBhaibheri

Ngirozi yakatumwa kuna Danieri (Dan. 8:16; 9:21), Zakaria (Ruka 1:11–19; D&Z 27:7), Maria (Ruka 1:26–38), nevamwe (D&Z 128:21). Muporofita Joseph Smith akaratidza kuti Gabrieri ndimuporofita Noa wemuTestamente yaKare.

GADI MUONI. *Onawo* Magwaro Matsvene—Magwaro Matsvene akarasika

Muporofita neshamwari inovimbika nemurairi waDavidi muTestamente yaKare (I Sam. 22:5; II Sam. 24:11–19). Akanyora bhuku remabasa aDavidi, iro rave gwaro dzvene rakarasika (I Mak. 29:29).

GADI, MWANAKOMANA

WAJAKOBO. *Onawo* Israeri;

Jakobo, Mwanakomana waIsaka

MuTestamente yaKare, mwanakomana waJakobo naZirpa (Genesi 30:10–11). Zvizvarwa zvake zvakave rudzi rwaIsraeri.

Rudzi rwaGadi: Zve ropafadzo raJakobo

kumwanakomana wake Gadi, tarisai Genesi 49:19. Zveropafadzo raMosesi kurudzi rwaGadi, tarisai Deuteronomio 33:20–21. Maererano neparopafadzo aya, chizvarwa chaGadi chaizove rudzi rwaida zvehondo. Nyika dzavakapiwa munyika yeKanani dzaive nechekumba-vazuva kwerewizi rweJordanani uye dzii-ne hufuro hwakanaka nemvura zhinji.

GADZA. *Onawo* Akadaidzwa naMwari; Chigaro, Munhu anechigaro; Hupirisita; Maoko, Kugadzwa kwe; Mvumo

Kumisa kana kupa simba kana nzvimbo. Kushandisa simba muChechi yaIshe, munhu akafanira kunge ari adaidzwa naMwari, nehuporofita, nokugadzwa maoko pamusoro neavo vane simba (Mis. yeCh 1:5). Kana dai munhu achigona kugashira simba nokugadzwa, anorishandisa achirairwa neavo vane kiyi dzesimba iroro.

Ndakakugadza iwe muporofita kumarudzi, **Jer.** 1:5. Hamuna kundisarudza, asi ini ndakakusarudzai, ndikakugadzai, **Joh.** 15:16. Aine simba rinobva kunaMwari, Aruma akagadza vapirisita, **Mosaya** 18:18. Varume vanogadzwa kuhupirisita hwepamusoro nekugadzwa kutsvene, **Aru.** 13:1–9. Jesu akadaidza akagadza vadzidzi gumi nevaviri, **3 Ni.** 12:1. Magosa anogadza mapirisita nevadzidzisi nokuvagadza maoko pamusoro, **Moro.** 3:1–4. Imbomirai kwechinguva chidiki, nokuti hamusati magadzwa, **D&Z** 5:17. Joseph Smith akagadzwa kuve Muapostori vaJesu Kristu, **D&Z** 20:2 (D&Z 27:12). Hapana munhu anogadzwa pasina sarudzo yeChechi, **D&Z** 20:65. Hakuzongopiwa ani zvake kuparidza vhangeri rangu, kunze kwekunge akagadzwa nemumwe anemvumo, **D&Z** 42:11. Magosa anogadzwa kuparidza vhangeri rangu, **D&Z** 50:13–18. Ibase revaneGumi neVaviri kugadza nokuronga vose vane zvinzvimbo muChechi, **D&Z** 107:58. Ndakatsvaka maropafadzo emadzibaba, nesungiro yekuti ndakafanira kugadzwa, **Abr.** 1:2. Joseph Smith naOliver Cowdery

vakagadzana Hupirisita hwaAroni, **Mis. yeCh.** 1:68–72.

GADZA, MUTEMO

WERUGADZO. *Onawo*

Hurongwa hwemubatanidzwa;

Umambo hwaMwari kana

Umambo hwoKudenga

Kugadza, kuita mutsvene, kana kuve akarurama. Mutemo wekugadza musimboti mutsvene apo varume nevakadzi vanozvipa kuisa nguva yavo, zvipo, neupfumi hwavo hwenyika mukumisa nekuvaka Umambo hwaMwari.

Zvipirei imi pachenyu nhasi kuna Ishe, **Eks.** 32:29. Vose avo vaitenda vaive nezvinhu pamwechete, **Mabasa** 2:44–45. Vaive nezvinhu zvose pamwechete pakati pavo; saka pakanga pasina vapfumi uye kana varombo, **4 Ni.** 1:3. Ishe vakatsanangura misimboti yeku-zvipira, **D&Z** 42:30–39 (**D&Z** 51:2–19; 58:35–36). Munhu mumwechete haafanire kuve nezvizhinji kupfuura mumwe, **D&Z** 49:20. Wose munhu akapiwa chidimbu chakaenzanirana maererano nemhuri yake, **D&Z** 51:3. Tsika yakamiswa kuti vatendi vaenzane muzvisungwa zvekudenga nezvepasi, **D&Z** 78:4–5. Wose munhu ainzi ave nekugambira kwakayenzana maererano nezvaanoda nezvaasina, **D&Z** 82:17–19. Zioni inovakwa chete nemurau wekubwinya kwepamusoro-soro, **D&Z** 105:5. Vanhu vaEnoki vaive nemwoyo mumwechete nepfungwa imwechete uye vachigara mukururama, uye haku-na murombo pakati pavo, **Mos.** 7:18.

GAKAVA. *Onawo* Hupanduki

Bopoto, kuitirana nharo, kusawirana. Gakava kunyanya pakati penhengo dzeChechi yaIshe kana pakati penhengo dzemhuri, hazvifadze kuna Ishe.

Ngaparege kuve nebopoto pakati pangu newe, **Gen.** 13:8. Kudada kunokonzera bopoto, **Zir.** 13:10. Kana munhu upi zvake akakavadvana nemumwe upi zvake, regererai sezvo Kristu akaregerera, **VaKoro** 3:13. Nzvengai mibvunzo isina maturo nega-

kava, **Tito** 3:9. Ishe vanoudza vanhu kuti vasakakavadvane, **2 Ni.** 26:32. Hamuzobvumira vana venyu kurwa nokukakavadvana nevamwe, **Mosaya** 4:14. Aruma akataura kuti kusave neku-kakavadvana pakati penhengo dzeChechi, **Mosaya** 18:21. Satani anoparadzira makuhwa negakakava, **Hir.** 16:22. Dhiabhorosi ndiye baba wegakava uye anopesvera vanhu kuti vakakavadvane, **3 Ni.** 11:29 (**Mosaya** 23:15). Misai vhangeri rangu, kuti kusavepo kukavadvana kwakanyanya, **D&Z** 10:62–64. Regai kukakavadvana nevamwe, **D&Z** 136:23.

GAMARIERI. *Onawo* VaFarise

MuFarise aizivikanwa kwazvo muTestamente Itsva aiziva nekudzidzisa mutemo wemaJuda. Muapositori Pauro aive mumwe wevadzidzi vake (**Mabasa** 22:3). Aiva munhu anerunziro huru muSanihederini (**Mabasa** 5:34–40).

GARIREA

Muchinyakare nemunguva dzanhasi, dunhu riri kuchamhembesa kweIsraeri kumadokero kweRwizi Jordani neGungwa reGarirea. Garirea ingangoita makumi matanhatu emakiromita 97 kureba nemakumi matatu emakiromita 48 kupamhama. Kare-kare, raive riine dzimwe dzenzvimbo dzakanakisisa nemaguta aishanyirwa zvikuru kwazvo elsraeri. Nzira huru dzaikosha dzaienda kuDamasiko, Egipita, nekumabvazuva kweIsraeri yekumabvazuva dzaipfuura nemuGarirea. Kunaka kwemamiriro ekunze kwayo nevhu raka-kora zvaiburitsa zvirimwa zvikuru zvema orivhi, gorosi, mapfunde, nemichero yemidzambiringa. Zvekuraurwa kwehove paGungwa reGarirea zvaipa basa guru rekutengesa kunze uye riri bviro guru reupfumi. Muponesi akapedza nguva yake huru muGarirea.

Chiedza chikuru chichamuka muGarirea, **Isa.** 9:1–3 (**2 Ni.** 19:1–3). Jesu akaenda kwose kwose muGarirea achiparidza, achidzidzisa, uye achirapa, **Mat.** 4:23. Mushure mekunge Jesu

amuka kuvakafa, akazviratidza muGarirea, **Marko** 14:28 (Joh. 21:1–14). Mbiri yaJesu yakapararira muGarirea rose, **Ruka** 4:14. Jesu akatangisa zvishamiso zvake muKana yeGarirea, **Joh.** 2:11.

Gungwa reGarirea: Gungwa reGarirea riri kuchamhembe kwenyika yeIsraeri. Raidaidzwawo kunzi Gungwa reKinereti muTestamente yaKare neDziva yeGenesareti kana Tiberiasi muTestamente Itsva. Jesu akadzidzisa mharidzo zhinji ikoko (Mat. 13:2). Gungwa rinechimiro chepeya, mamaira gumi nemaviri nechidimbu makiromita 20 kureba nemamaira manomwe nechidimbu makiromita 12 ekupamhama parakanyanya kupamhamu. Riri pasi pehudzama hwegungwa nemamita anoita 207, zvinovanzo konzera kuti mweya wakatenderedza uve unopisa chaizvo. Mhepo inotonhora inobva muzvikomo ichisangana nemhepo inopisa pamusoro pemvura kazhinji ichiwanzo erekana yaunza dutu (Ruka 8:22–24).

GEHENA. *Onawo* Dhiabhorosi; Kuraswa; Rufu, rwemweya; Vanakomana vekuraswa

Zvakazarurwa zvezamazva ekupedzira zvinotaura nezvegehena nepaviri. Chekutanga, inzvimbo inofanogarwa munyika yemweya neavo vakanga vasingateerere muupenyu hwenyama. Mupfungwa iyi, gehena rine magumo. Mweya iriko ichadzidziswa vhangeri, uye kwechinguva mushure mekuteendeuka kwavo vanozomutswa kuvakafa vachiiswa pakubwinya uko kwavakakodzera. Avo vasingatendeuke, asi vasiri zvavo vana vekuraswa, vanosara mugehena muMeremiamu yose. Mushure mechiuru ichi chekutambudzwa, vanozomutswa kuvakafa muku-bwinya kweteresitiyaro (D&Z 76:81–86; 88:100–101).

Chechipiri, ndiyo nzvimbo zvachose yeavo vasina kununurwa nerudzikuro rwaJesu Kristu. Mupfungwa iyi, gehena hariperi. Ndere avo vanowanikwa “vachiine tsvina” (D&Z 88:35, 102). Iyi ndiyo nzvimbo apo Satani, ngirozi dzake, uye vanakomana vekuraswa—

avo vakaramba Mwanakomana mushure mekunge Baba vamuburitsa pache-na—vachagara kokusingaperi (D&Z 76:43–46).

Magwaro matsvene dzimwe nguva anotaura nezvegehena serima rekunze.

Mweya waDavidi hauzosiwa mugehena, **Mpi.** 16:10 (Mpi. 86:13). Endai mugehena, mumoto uya usingazombodzimwa, **Marko** 9:43 (Mosaya 2:38). Murume akapfuma ari mugehena anosimudza maziso ake, ari mukutsva, **Ruka** 16:22–23 (D&Z 104:18). Rufu negehena zvakaburitsa vakafa, **Zvaka.** 20:13. Kune nzvimbo yakagadzirirwa, hongu, kana riya rinotyisa gehena, **1 Ni.** 15:35. Chido chenyama chinopa mweya wadhiabhorosi simba rekutiunza pasi kugehena, **2 Ni.** 2:29. Kristu akagadzira nzira yekuti tibviswe kubva murufu negehena, **2 Ni.** 9:10–12. Avo vanosara vakasviba vanoenda mukutsva kusingaperi, **2 Ni.** 9:16. Dhiabhorosi anonyengedza mweya yavo uye ovatungamirira zvakanaka kudzika kugehena, **2 Ni.** 28:21. Jesu akanunura mweya wangu kubva kugehena, **2 Ni.** 33:6. Zvisunungurei kubva mukurwadza kwegehena, **Jak.** 3:11. Kutorwa muhusungwa nadiabhorosi nokutungamirwa nekuda kwake kunoparadzwa ndidzo cheni dzegehena, **Aru.** 12:11. Vakaipa vanokandwa murima rekunze kusvika panguva yekumutswa kwavo, **Aru.** 40:13–14. Vakasviba vachasuwa zvikuru kugara naMwari pane kugara mugehena, **Morm.** 9:4. Kurangwa kunopiwa kubva mumoango angu kurangwa kusina magumo, **D&Z** 19:10–12. Gehena inzvimbo yakagadzirirwa dhiabhorosi nengirozi dzake, **D&Z** 29:37–38. Avo vanoziva Mwari vanobviswa kubva murufu necheni dzegehena, **D&Z** 138:23.

GENESI. *Onawo* Magwaro mashanu emutemo

Izwi rechiGiriki rinoreva kuti “matangiro” kana “mavambo.” Bhuku raGenesi ndiro bhuku rekutanga reTestamente yaKare rakanyorwa nemuporofita Mosesi. Rinopa nhoroondo yemavambo

nezvakawanda, sekusikwa kwenyika, kusikwa kwemhuka nevanhu panyika, kupunzika kwaAdama naEva, kuza-rurwa kwevhangeri kuna Adama, mawambo marudzi nemadzinza, navambo emitauro yakasiyana-siyana paBaberu, nematangiromo emhuri yeve-kwaAbrahama ichisvika mukumiswa kwemba yaIsraeri. Josefa, basa rake semuchengetedzi waisraeri rinosimbis- swa muna Genesi.

Zvakazarurwa zvemazuva ekupedzi- sira zvinotsinhira zvichijekesa zvinyo- rwa zveGenesi (1 Ni. 5; Eta 1; Mos. 1-8; Abr. 1-5).

Mubhuku raGenesi, zvitsauko 1-4 zvi- notaura kusikwa kwenyika nokukura kwemhuri yaAdama. Zvitsauko 5-10 zvinotsanangura nhoroondo yaNoa. Zvitsauko 11-20 zvinotaura nezva Abrahama nemhuri yake kusvika kunguva dza Isaka. Zvitsauko 21-35 zvinotevedza mhuri yaIsaka. Chitsauko 36 chinotaura nezvaEsau nemhuri yake. Zvitsauko 37-50 zvinotaura nezvemhu- ri yaJakobo zvichipawo nyaya yaJosefa achitengeswa kuEgipita nebasa rake mukuponesa imba yaIsraeri.

GETSEMANI. *Onawo* Dzikinura; Miorivhi, Gomo re

Bindu rinotaurwa muTestamente Itsva richinzi riri pedyo neGomo reMiorivhi. MuchiArami; izwi *getsemani* rinoreva "chisvino chemuorivi." Jesu akaenda kubindu iri usiku hwemuswi waakate- ngeswa naJudasi. Imomo akanamata akatambudzika muGetsemani pamuso- ro pezvitadzo zvevanhu vose (Mat. 26:36, 39; Marko 14:32; Joh. 18:1; Aru. 21:9; D&Z 19:15-19).

GEZA. *Ona* Akagezwa

GIDEONI (BHUKU RAMORMONI)

Mutungamiri aivimbika wemaNifai.

Aive murume akasimba ari muvengi kuna Mambo Noa, **Mosaya** 19:4-8. Airairana naMambo Rimihai, **Mosaya** 20:17-22. Akafunga zano rekutiza

kubva muusungwa hwemaRamani, **Mosaya** 22:3-9. Akauraiwa naNehoi, **Aru.** 1:8-10.

GIDEONI (TESTAMENTE YEKARE)

Mutungamiri akaponesa Israeri kubva kumaMidiani (Vat. 6:11-40; 7-8).

GOGI. *Onawo* Kuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu; Magogi

Mambo weMagogi. Ezekieri akaporo- fita kuti Gogi acharwisa Israeri panguva yekuuya kwaIshe kechipiri (Ezk. 38-39). Imwe hondo, inonzi hondo yaGogi naMagogi, ichaitika kwekupedzisira kweMeremiamu (Zvaka. 20:7-9; D&Z 88:111-116).

GOMO REMIORIVHI. *Ona* Miorivhi, Gomo re

GOMORA. *Onawo* Sodoma

MuTestamente yaKare, guta rakaipa iro rakaparadzwa naIshe, Gen. 19:12-29.

GORGOTA. *Onawo* Kuroverwa; Jesu Kristu

Gorgota zvinoreva "dehenya remusoro" muchiArami. Izita renzvimbo iyo Kristu akaroverwa (Mat. 27:33; Marko 15:22; Joh. 19:17). Zita rechiRatini renzvimbo iyi ndiKarivari (Ruka 23:33).

GORIATI. *Onawo* Davidi

MuTestamente yaKare, muFiristia aive gamba rakadenha mauto emaIsraeri. Davidi akabvuma kudenhwa uye akamuuraya neruyamuro rwaIshe (1 Sam. 17).

GOSA. *Onawo* Hupirisita; Hupirisita hwaMerkizedeki

Shoko rinoti *gosa* rinoshandiswa munzi- ra dzakasiyana-siyana muBhaibheri. MuTestamente yaKare kazhinji rino- reva vanhu vakuru murudzi, avo vaka- nga vachirongerwa nyaya dzehurume- nde (Gen. 50:7; Josh. 20:4; Rute 4:2; Mat. 15:2). Zera ravo neruzivo zvaaita kuti kuraira kwavo kuve kwakakosha.

Nzvimbo yavo hazvireve kuti yaive yekunge vadaidzwa sevapirisita

Makange muinewo magosa akagadzwa muHupirisita hwaMerkizedeki munguva dzeTestamente yaKare (Eks. 24:9–11). MuTestamente Itsva, magosa vanotaurwa sechigaro chehupirisita muChechi (Jkb. 5:14–15). Pakati pemaNifai pakange painewo magosa vakagadzwa muhupirisita (Aru. 4:7, 16; Moro. 3:1). Mumukuvo uno, Joseph Smith naOliver Cowdery ndivo magosa ekutanga kugadzwa (D&Z 20:2–3).

Gosa zvino ndiro rave zita rinopiwa kune vose vane Hupirisita hwaMerkizedeki. Semufananidzo, vaparidzi vechirume vanodaidzwa kunzi magosa. Zvakarewo, Muapositori igosa, uye zvakakodzera kutaura nezvenhengo dzeChikwata chevaneGumi neVaviri kana Zvikwata zvevane Makumi Manomwe nemudaidziro uyu (D&Z 20:38; I Pet. 5:1). Mabasa evakagadzwa hugosa muChechi nhasi akapiwa mumazuva ekupedzisira mune zvakazarurwa (D&Z 20:38–45; 42:44; 46:2; 107:12).

Mosesi akanyorera kumagosa ose eIsraeri, **Deut.** 31:9. Barnabasi akakumbira rubatsiro kumagosa echechi, **Mabasa** 11:30. Magosa aigadzwa muChechi yega-yega, **Mabasa** 14:23 (Tito 1:5). Daidzai magosa kuti anamatire vanorwara, **Jkb.** 5:14. Magosa aigadzwa nekuiswa maoko, **Aru.** 6:1. Magosa vanofanira kuropafadza vana, **D&Z** 20:70. Magosa anotungamira misangano kuburikidza neMweya Mutsvene, **D&Z** 46:2. Magosa anopa nhorondo yehutariri hwavo, **D&Z** 72:5. Magosa anoparidzira vhangeri kumarudzi, **D&Z** 133:8.

GUMI NEVAVIRI, CHIKWATA

CHEVANE. *Ona* Muapositori

GUNGWA DZVUKU.

Ona Mosesi
Inzvimbo inemvura iri pakati peEgipita neArabia. Mikaha yayo miviri iri kumisoro inove ndino mahombekombe eSinai Peninsula. Ishe vakapatsanura zvinoshamisa mvura yeGungwa Dzvuku kuti vaIsraeri vachitungamirwa

naMosesi vayambuke nepavhu raka-oma (Eks. 14:13–31; VaH. 11:29). Kupatsanurwa kwegungwa naMosesi kunotsinhirwa mune zvinoratidzwa mumazuva ano ekupedzisira (1 Ni. 4:2; Hir. 8:11; D&Z 8:3; Mos. 1:25).

GUVA.

Onawo Kumuka kuvakafa
Panovigwa muviri unofa. Pamusana peRudzikinuro, wose achamuka kubva muguva.

Mushure mekumuka kuvakafa kwaKristu, makuva akazururwa miviri mizhinji ikamuka, **Mat.** 27:52–53 (3 Ni. 23:9–13). Guva, kuripi kukunda kwako? **I VaKori.** 15:55. Guva rakafanira kuunza vakafa varo, **2 Ni.** 9:11–13. Avo vakarara muguva vachamuka, **D&Z** 88:97–98. Chidziva chekubhabhatidzira chiratidzo cheguva, **D&Z** 128:12–13.

GWAYANA RAMWARI.

Onawo
Dzikinura; Jesu Kristu; Paseka

Zita reMuponesi rinotaura Jesu sechiripiriso chakapirwa panzvimbo yedu.

Anounzwa segwayana pachibairo, **Isa.** 53:7 (Mosaya 14:7). Onai Gwayana raMwari, iro rinobvisa zvitadzo zvenyika, **Joh.** 1:29 (Aru. 7:14). Imi makanunurwa neropa rinokosha raKristu, segwayana risina kavara, **I Pet.** 1:18–20. Rakakodzera Gwayana rakauraiwa, **Zvaka.** 5:12. Tinokunda Satani neropa reGwayana, **Zvaka.** 12:11. Ava ndivo vakaitwa vachena muropa reGwayana, pamusana perutendo rwavo maari, **1 Ni.** 12:11. Gwayana raMwari ndiye Mwanakomana waBaba Vokusingaperi, uye ari Muponesi wepasi, **1 Ni.** 13:40 (1 Ni. 11:21). Chemai zvikuru kuna Baba muzita raJesu, kuti zvimwe mungasukwe neropa reGwayana, **Morm.** 9:6 (Zvaka. 7:14; Aru. 34:36). Mwanakomana weMunhu ndiye Gwayana rakauraiwa kubva pakutanga kwenyika, **Mos.** 7:47.

HABAKUKI

Muporofita wemuTestamente yaKare muJuda aitaura pamusana pekuzara kwezvitadzo zvevanhu zvingangova

munguva dzekutonga kwaJehoyakimi (zvinganguve 600 Kristu asati azvarwa).

Bhuku raHabakuki: Chitsauko 1 ihuru-kuro pakati paIshe nemuporofita wavo, zvakafanana neidzo dziri muna Jeremia 12 ne **D&Z** 121. Habakuki ainetseka kuti vakaipa vaiita sevaibudirira. Muchitsauko 2 Ishe akaraira Habakuki kuti avene mwoyo murefu—vakanaka vakafanira kudzidza kugara nerutendo. Chitsauko 3 chinonyora munamato waHabakuki umo maakatenda kururama kwaMwari.

HAGAI

Muporofita wemuTestamente yaKare akaporofita mungangove mugore ra520 Kristu asati azvarwa muJerusarema, mushure mechinguvana vanhu vechiJuda vadzoka kubva muBabironi (Ezra 5:1; 6:14). Akataura nezvekuvaka zvakare temberi yaIshe muJerusarema akatsiura vanhu nokuti yakanga isati yapera. Akanyorawo nezvetemberi yenguva dzemererianamu nekutonga kweMuponesi.

Bhuku raHagai: Muchitsauko 1 Ishe vakatsiura vanhu nokugara mudzimba dzavo dzakapera iyo temberi igere isina kuvakwa. Chitsauko 2 zvinyorwa zvechiporofita chaHagai kuti Ishe vachapa runyararo mutemberi yavo.

HAGARI. *Onawo* Abrahamama; Ishmaeri, Mwanakomana waAbrahamama

MuTestamente yaKare, murandakadzi wechiEgipita waSara. Akave mukadzi waAbrahamama naamai vaIshmaeri (Gen. 16:1–16; 25:12; **D&Z** 132:34; 65). Ishe vakavimbisa Hagari kuti rwudzirwukuru rwaizobva mumwanakomana wavo (Gen. 21:9–21).

HAGOTI

Muvaki weNgarava wemaNifai muBhuku raMormoni (Aru. 63:5–7).

HAMA. *Onawo* Hanzvadzi; Munhu Sevana vaBaba vedu Vekudenga, vose

varume nevakadzi vakoma nevanin'ina nehanzvadzi mumweya. MuChechi, nhengo dzechirume neshamwari dzeChechi vanodaidzwa vachinzi vakoma nevanin'ina.

Kana mapindutswa, simbisai hama dzenyu, **Ruka** 22:32. Uyo asingadi hama yake agere murufu, **I Joh.** 3:10–17. Fungai hama dzenyu sekuzvifunga kwamunoita imi, **Jak.** 2:17. Itai kuti wose munhu akudze hama yake sekuzvikudza kwaanoita iye, **D&Z** 38:24–25. Simbisai hama dzenyu mukutaura kwenyu kwose, **D&Z** 108:7.

HAMI. *Onawo* Noa, Tateguru vemuBhaibheri

MuTestamente yaKare, mwanakomana waNoa wechitatu (Gen. 5:32; 6:10; Mos. 8:12, 27).

Noa, vanakomana vake, nemhuri dzavo vakapinda muareka, **Gen.** 7:13. Kanani, mwanakomana waHami, akatukwa, **Gen.** 9:18–25. Hurumende yaHami yayiita sababa uye yakanga yakaropafadzwa muzvinhu zvepasi neungwaru asi kwete muhupirisita, **Abr.** 1:21–27. Mudzimai waHami, Egipitasi, aive chizvarwa chaKaini; vanakomana vemwanasikana wavo Egipitasi vakagara muEgipita, **Abr.** 1:23, 25 (Mpi. 105:23; 106:21–22).

HANA. *Onawo* Chiedza, Chiedza chaKristu

Kunzwa kwemukati-kati kwekuziva zvakanaka nezvakaipa, kunobva muchiedza chaKristu muvanhu vose (Moro. 7:16). Tinoberekwa tiine simba renyama rekupatsanura chanaka nechakaipa pamusana pechiedza chaKristu chinopiwa kumunhu wose (**D&Z** 84:46). Simba iri rinonzi hana. Kuve naro kunoita kuti tive vanhu vane hany'a. Semamwe masimba, hana dzedu dzinogona kuuraiwa kuburikidza nechitadzo kana kushandisa kusiri iko.

Vanyori nevaFarise vakakoniswa nehana dzavo, **Joh.** 8:9. Hana dzavo zvakare dzinopupura, **Var.** 2:14–15. Vakarasika vane hana dzavo dzakapi-

swa nesimbi inopisa, **I Tim.** 4:2. Vanhu vanodzidziswa zvakakwana kuti vazive chakanaka kubva kune chakaipa, **2 Ni.** 2:5. Mambo Benjamini akange aine hana yakachena pamberi paMwari, **Mosaya** 2:15. MaNifai vakazadzwa nomufaro, vaine runyararo rwehana, **Mosaya** 4:3. Ziziromu akanga akasuwa pamusana pekunzwa kuti akanga aine mhosva, **Aru.** 14:6. Tinopiwa rufaro kana kusuwa kwehana maererano nezvido zvedu, **Aru.** 29:5. Murango nemurau wakarurama zvinounza kusuwa kwehana, **Aru.** 42:18. Mweya waKristu unopiwa kune munhu wose kuti azive chakanaka kubva kune chakaipa, **Moro.** 7:16. Munhu ega akafanira kuve anoshandisa hana zvakasununguka, **D&Z** 134:2. Ndine hana isina mhosva, **D&Z** 135:4. Tinodaira kukodzero yekunamata Mwari maererano nezvatinonzwa muhana dzedu, **Mis.** ye**Ch.** 1:11.

HANA, AMAI VASAMUERI.

Onawo Samuери, Muporofita wemuTestamente yaKare

Amai vaSamuери, muporofita wemuTestamente yaKare. Ishe vakapa Samuери kuna Hana semhinduro kuminamoto yake (I Sam. 1:11, 20–28). Hana akapira Samuери kuna Ishe. Rwiyo rwake rwekupa kutenda rungangoenzaniswa nerwaMaria, amai vaJesu (I Sam. 2:1–10; Ruka 1:46–55).

HANZVADZI. *Onawo* Hama; Munhu

Sevana vaBaba vedu Vekudenga, vose varume nevakadzi pamweya ihanzvadzi nehanzvadzi. MuChechi, nhengo dzechikadzi neshamwari dzeChechi kazhinji vanodaizwa kunzi hanzvadzi.

Avo vanoita chido chaBaba vangu, ivavo munin'na kana hanzvadzi yangu, **Mat.** 12:50 (Marko 3:35). Mitemo inotonga zvekureururwa kwezvivi pakati pehanzvadzi nehanzvadzi muChechi rakamiswa, **D&Z** 42:88–93.

HARMAGEDONI. *Onawo* Gogi;

Kuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu; Magogi

Zita rekuti *Harmagedoni* rinotorwa

kubva muchiHeberu *Har Magedoni*, zvinoreva kuti “gomo reMegido.” Nhika reMegido riri mudivi rekumadokero bani guru reEsidraroni, makumi mashanu emamaira (makiromita makumi masere) kuchamhembe kweJerusarema, uye iri nzvimbo yakarwirwa hondo dzakakosha kwazvo munguva dzeTestamente yaKare. Hondo huru yekupedzisira ichaitika pedyo nenguva yekuuya kwechipiri kwalshe inonzi hondo yeHarmagedoni nokuti ichatangira mudunhu rakarero. (Ona Ezk. 39:11; Zek. 12–14, kunyanya 12:11; Zvaka. 16:14–21.)

HARRIS, MARTIN. *Onawo*

Vapupuri veBhuku raMormoni

Mumwe wevapupuri vatatu kumavambo matsvene nehuchokwadi hweBhuku raMormoni. Akayamura Joseph Smith neChechi nemari. Ishe vakakumbira Martin Harris kuti atengese pfuma yake uye kuti ape mari yake kuti ibhadhare kushambadzwa kweBhuku raMormoni (**D&Z** 19:26–27, 34–35); kuti ave muenzaniso kuChechi (**D&Z** 58:35); nekuyamura kubhadharira basa rekupearidza (**D&Z** 104:26).

Martin Harris akatandwa kubva muChechi asi mushure akazodzoka kuve nhengo izere. Kusvika mukupera kweupenyu hwake aipupura kuti akaoona ngirozi Moronai nemahwendefa egoridhe naJoseph Smith umomakabva Bhuku raMormoni.

HASHA. *Onawo* Rudo; Ruvengo

Hasha kuratidza kushatirwa. Ishe akayambira Vatendi vake kuti vadzore hasha dzavo (**Mat.** 5:22). Hapana mubereki kana mwana anofanirwa kushungurudza vamwe mumhuri. Mumagwaro matsvene, hasha dzinowanzo fananidzwa nechimiro chemoto (2 Ni. 15:25, **D&Z** 1:13).

Zvino Kaini akagumbuka kwazo, uye chiso chake chikauyanana, **Gen.** 4:5. Ishe vanononoka kushatirwa, uye vane tsitsi zvikuru, **Mpi.** 145:8. Mhinduro nyoro inodzora hukasha, **Zir.** 15:1.

18–20; II Mak. 29–32; Isa. 36–39). Isaya akamubatsira mukupindurudza zvose chechi nenyika. Akadzvinyirira kunamatwa kwezvifananidzo uye akaisa pakare mabasa etemberi. Upenyu hwaHezekia hwakawedzerwa negumi remakore rine makore mashanu kuburikidza nokunamata nerutendo (II Madz. 20:1–7). Chidimbu chekutanga chekutonga chake chakanga chakabudirira, asi kupandukira kwake mambo weAsiria (II Madz. 18:7) kwakakonzera kupambwa kuviri nemaAsiria: kwekutanga kunotsanangurwa muna Isa. 10:24–32, kwechipiri muna II Madz. 18:13–19:7. Mukurwiswa kwechipiri, Jerusarema rakaponeswa nengirozi yaIshe (II Madz. 19:35).

HIMUNAI. *Onawo* Mosaya,
Mwanakomana waBenjamini;
Mosaya, Vanakomana va

MuBhuku raMormoni, mwanakomana waMambo Mosaya. Himunai akaenda nevakoma vake kunoparidza kumaRamani (Mosaya 27:8–11, 34–37; 28:1–9).

HIRAMANI, MWANAKOMANA WAARUMA. *Onawo* Aruma,
Mwanakomana waAruma;
Hiramani, Vanakomana va;
VaAndi-Nifai-Rihai

MuBhuku raMormoni, mwanakomana mukuru waAruma, mwanakomana waAruma (Aru. 31:7). Hiramani aive muporofita uye ari mutungamiri wemauto.

Aruma akapa mwanakomana wake Hiramani zvinyorwa zvevanhu vake nemahwendefa ema Jaredhi, **Aru.** 37:1–2, 21. Aruma akaraira Hiramani kuti arambe achinyora nhorondo yevanhu vake, **Aru.** 45–62. Hiramani akamisa Chechi zvakare, **Aru.** 45:22–23. Zviuru zviriri zveauto emaAmoni vadiki vakada kuti Hiramani ave mutungamiri wavo, **Aru.** 53:19, 22. Hiramani nemajaya ake emaAmoni akarwisa maRamani uye vakachengetedzwa nerutendo, **Aru.** 57:19–27.

HIRAMANI, MWANAKOMANA WAHIRAMANI

Muporofita nemuchengeti wezvinyorwa muBhuku raMormoni akadzidzisa vanhu vaNifai. Aive muzukuru waAruma Muduku uye baba vaNifai akanga akapiwa simba pamusoro pezviumbwa (Hir. 5–10). Nemwanakomana wake Nifai, Hiramani akanyora bhuku raHiramani.

Bhuku raHiramani: Zvitsauko 1–2 zvinotaura nguva yenhamo huru yezvematongerwo enyika. Zvitsauko 3–4 zvinonyora kuti Hiramani na Moronaiha, mukuru wemauto emaNifai, vakawanisa kekupedzisira kuita runyararo kwechinguva. Asika, kunyange paive neutungamiri hwevarume vakanaka ava, vanhu vakakura zvakananyanya mukuipa. Muzvitsauko 5–6 Nifai akaregera chigaro chekutonga, sezvakanga zvaitwa navasekuru vake Aruma, kuti adzidzise vanhu. Kwechinguva vanhu vakatendeuka. Muzvitsauko 6–12, nokukadaro, rudzi rwemaNifai rwakave rwakaipa. Zvitsauko zvekupedzisira, 13–16, zvine nhorondo inoshamisa yemuporofita ainzi Samuiri muRamani akataura kuzvarwa nokuroverwa kweMuponesi nemifananidzo yaizoratidza zvinhu izvozvo.

HIRAMANI, MWANAKOMANA WAMAMBO BENJAMINI.

Onawo Benjamini, Baba
waMosaya

MuBhuku raMormoni, mumwe wevana vatatu vaMambo Benjamini (Mosaya 1:2–8).

HIRAMANI, VANAKOMANA VA.

Onawo Hiramani, Mwanakomana
waAruma; VaAndi-Nifai-Rihai

MuBhuku raMormoni, vanakomana vemaRamani akatendeutsa vanozivikanwa semaAmoni avo vakazove varwi pasi pehutungamiri hwaHiramani (Aru. 53:16–22).

Hiramani akavaona vakafanira kudaidzwa kunzi vanakomana vake, **Aru.**

56:10. Vanamai vavo vakanga vavadzidzisa kuti vasakahadzike kukwanisa kwaIshe kuvanunura, **Aru.** 56:47. Vaka-kurira maRamani uye vakachengetedzwa nerutendo rwavo zvekuti hakuna kana mumwechete wavo akauraiwa, **Aru.** 56:52–54, 56; 57:26.

HOKO

Chimwe chezvikamu zveмарongerwo nemafambisirwo eChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Hoko inoumbwa nemapoka kana mapazi akatikuti. Kazhinji ine miganhu yematunhu ichiwirirana nekumira kwakanga kwakaita matende ayo anotsanangurwa muna Isaya 54:2: “Rebesai tambo dzenyu, musimbise hoko dzenyu.” Imwe neimwe yehoko dzeZioni inosimbisa nekuyamura kusimudzira Chechi nenzira dzinoitwa nadzo tende kana tabernakeri inosimbiswa nehoko dzayo. Hoko inzvimbo inounganidzirwa vakasara pakupararira kwaisraeri (**D&Z** 82:13–14; 101:17–21).

Simbaisi hoko dzenyu uye mugokudza miganhu yenyu, **Moro.** 10:31 (**D&Z** 82:14). Ipai kuZioni dzimwe hoko pamusoro peiyi, **D&Z** 109:59. Kuunganidzwa pamwechete muZioni, uye muhoko yake, zvingangove zvekuzvidzimirira, **D&Z** 115:6 (**D&Z** 101:21). Dzimwe nzvimbo dzakafanira kumisirwa hoko, **D&Z** 115:18. Mukuru wechikwata chevapisita vepamusoro anoita kuti vakodzere avo vachaitwa vakuru vehoko, **D&Z** 124:133–134. Endai imi munyika yeZioni, kuti hoko dzake dzisimbiswe, **D&Z** 133:9.

HONDO. *Onawo* Runyararo

Hondo kana kurwisana nezvombo; kurwa nezvombo. Ishe vanobvumira hondo chete sechinhu chekupedzisira chekuti Vatendi vadzimirire mhuri dzavo, zvinhu zvavo, zvavanofanira kuve, nekusununguka (**Aru.** 43:9, 45–47).

Moronai akatsvaka kudzimirira vanhu vake, zvinhu zvake, nyika yake, nechitendero chake, **Aru.** 48:10–17. Joseph Smith akatambira zvakazarurwa ne-

chikorofita pamusoro pehondo, **D&Z** 87. Ramba hondo udaidzire runyararo, **D&Z** 98:16, 34–46. Tinodaira kuti vanhu vanofanira kuzvidzimirira, shawari dzavo, nezvinhu, nehurumendera, **D&Z** 134:11. Tinodaira mukuteerera, kukudza, nokutsigira murau, **Mis. yeCh.** 1:12.

HONDO KUDENGA. *Onawo* Dare kudenga; Upenyu hwenyama husati hwavapo

Kupesana kwakaitika kudenga muupenyu hwakateerwa nehuno pakati pevana vaMwari vemweya.

Satani akakandwa kunze kwedenga kunyika, **Zvaka.** 12:4, 7–9. Dhiabhorosi nechikamu chimwechete pazvitatu zvedenga zvakakandwa pasi, **D&Z** 29:36–37. Rusifa akapandukira Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa, **D&Z** 76:25–26. Satani aitsvaka kubwinya kwaBaba nokuparadza kuzvifungira kwemunhu, **Mos.** 4:1–4 (**Isa.** 14:12–15; **Abr.** 3:27–28). Avo vakatevera Mwari vakachengetedza nzvimbo dzavo dzekutanga, vakauya pasi, vakatambira miviri, **Abr.** 3:26.

HOSANA

Izwi rinobva muchi Heberu rinoreva kuti “tapota tiponise isu” uye richishandiswa mukurumbidza nokunyegetedza.

PaMutambo wemaTabernakeri, uyo waipemberera kubviswa kwaIsraeri vachipinda munyika yechivimbiso, vanhu vakadaidzira mazwi eMapisarema 118 vakazeyesa mapazi emichindwi. Pakupinda kwaishe kokukunda muJerusarema, vanhu vazhinji vakachema “Hosana” vachiwaridza mapazi emichindwi kuti atasve nepamusoro, naizvozvo ndokuratidza kwavo kunzwisisa kuti Jesu ndiyeyo Ishe vakanga vasunungura malsraeri makare-kare (**Mpi.** 118:25–26; **Mat.** 21:9, 15; **Marko** 11:9–10; **Joh.** 12:13). Vanhu ava vakaziva Kristu seuyo Mesia akanga akamirirwa kwenguva. Izwi rekuti *Hosana* rave rekupemberera Mesia

mumazera ose (1 Ni. 11:6; 3 Ni. 11:14–17). Kudaidzira kwekuti hosana kwakaiswa mukupirwa kweTemberi yeKirtland (D&Z 109:79) uyezve zvave kuitwa iyezvino pakupirwa kwematemberi mazuva ano.

HOSEA

Muporofita wemuBhaibheri yaKare aiporofita ari muumambo hwaIsraeri hwekumaodzanyemba muchidimbu chekupedzisira chekutonga kwaJero-boami veChipiri. Akagara munguva yekudzikira nekuparadzwa kwerudzi, uri mubairo wechitadzo cheIsraeri.

Bhuku raHosea: Donzo rebhuku iri rudo rwaMwari kuvanhu vake. Kwose kuranga kwake kwakaitwa murudo, nokudzorerwa kwaIsraeri kuchakonzerwa nerudo rwake (Hos. 2:19; 14:4). Mukusiyana, Hosea anoratidza hunhubu hwaIsraeri nekusantendeka. Asi Mwari vanokwanisa kutarisira Israeri mukununurwa kwake kwekukupedzisira (Hos. 11:12–14:9).

HUIPI. *Ona* Akaipa

HUMWARI. *Ona* Munhu—Munhu, Kugona kuve saBaba Vekudenga; Mwari, Musoro hwehuMwari; Rusimudzirwo; Upenyu hwokusingaperi

HUNGOCHANI. *Onawo*

Hupombwe; Kufadza nyama

Kusangana kwevarume vega kana vakadzi vega. Mwari vanorambidza kusangana kwerudzi urwu.

Vaunze panze kwatiri, kuti tigovaziva, **Gen.** 19:1–11 (Mos. 5:51–53). Musazorara nemumwe murume; chinyangadzo, **Rev.** 18:22 (Rev. 20:13). Hapafanire kuve nengochani yevanakomana vaIsraeri, **Deut.** 23:17. Vanotaura chitadzo chavo seSodoma, havachivanze, **Isa.** 3:9 (2 Ni. 13:9). Varume vakabebha mukuchivana kwavo, **VaR.** 1:27. Vanozvikananisa pachavo nevarume havazogara nhaka yeumambo hwaMwari, **I VaKori.** 6:9–10. Murawo hautirwe murume akarurama, asi ndewe avo vano-zvisvibisa

pachavo nevamwe varume, **I Tim.** 1:9–10. Avo vanoenda kunyama isingazivikanwe vanoiswa parutivi semufananidzo, vachinetswa nekudzividza kwemoto wekusingaperi, **Jud.** 1:7.

HUNHAPWA. *Onawo*

Kusununguka

Kuve muusungwa hwenyama kana mweya.

Imba yaIsraeri yakaenda muutapwa pamusana pekuipa kwavo, **Ezk.** 39:23. Uyo anotungamirira kuutapwa achae-nda muutapwa, **Zvaka.** 13:10. Vakaipa vachauzwa vodzikiswa muutapwa hwadhiabhorosi, **1 Ni.** 14:4, 7. Vanhu vakasununguka kusarudza rusununguko neupenyu hwokusingaperi kana utapwa nerufu, **2 Ni.** 2:27. Kuda kwenyama kunopa mweya wadhiabhorosi simba rokutapa, **2 Ni.** 2:29. Makachengetedza zvakakwana here muchirangariro kutapwa kwemadzibaba enyu? **Aru.** 5:5–6. Avo vanoomesa mwoyo yavo vanotorwa muutapwa nadhiabhorosi, **Aru.** 12:11. Garirai munamate nguva dzose, nokuti mungangoedzwa nadhiabhorosi, mukatungamirirwa muri nhapwa naiye, **3 Ni.** 18:15.

HUNHU. *Onawo* Hunhu wakanaka; Hupombwe; Kufadza nyama

Kutsvindisa kwehunhu kwemurume nemukadzi.

Josefa akaramba kukwezva nemukadzi waPotifari, **Gen.** 39:7–21 (D&Z 42:24; 59:6). Musazoita upombwe, **Eks.** 20:14. Mudzimai ane tsika ingundu yemurume wake, **Zir.** 12:4 (Zir. 31:10). Hamuzive here imi kuti muviri wenyu itembere yeMweya Mutsvene? **I VaKori.** 6:18–19. Ivai muenzaniso mukutsvinda, **I Tim.** 4:12. Hakuna chinhu chisina kuchena chingagare naMwari, **1 Ni.** 10:21. Nokuti Ini, Ishe Mwari, ndinofadzwa nehunhu hwevakadzi, **Jak.** 2:28. Chitadzo chehupombwe chinyangadzo chakaipa zvikuru, **Aru.** 39:1–13. Hunhu netsika zvinhu zvinokosha pamusoro pezvinhu zvose, **Moro.** 9:9. Tinotenda mukuve takachena, **Mis. yeCh.** 1:13.

HUNHU WAKANAKA. *Onawo*

Hunhu; Kutendeka; Simba

Kutwasanuka nekuzvibata kwakanakisisa, simba nekugwinya (Ruka 8:46), kana kuve vakachena muzvekurarana (Moro. 9:9).

Iwe uri mudzimai anetsika, **Rute** 3:11. Uyo ane maoko akachena nemwoyo usina tsvina achamira munzvimbo tsvene yalshe, **Mpi.** 24:3–4. Mudzimai akachena ingundu kumurume wake, **Zir.** 12:4. Mubairo wemukadzi akachena unopfuura kure marubhi, **Zir.** 31:10–31. Pamhidzira rutendo rwako netsika pakuchena kwako, **II Pet.** 1:5 (D&Z 4:6). Edzai kuchena kweshoko raMwari, **Aru.** 31:5. Regai kuchena kurunge pfungwa dzenyu nguva dzose, **D&Z** 121:45. Tinodaira mukuve netsika, **Mis. yeCh.** 1:13. (VaF. 4:8).

HUNYENGEDZI. *Onawo*

Kunyengedza; Kunyepa

Mumagwaro matsvene, kunyengedza kunokonzera mumwe kuti atende muchinhu chisiri chechokwadi.

Uyo asina kupika nokunyengedza achakwira muchikomo chaIshe, **Mpi.** 24:4. Ndbivisei pane vazere neunyengedzi, **Mpi.** 43:1. Nhamo kune avo vanodaidza chakaipa vachiti chakanaka, nechakanaka vachiti chakaipa, **Isa.** 5:20 (2 Ni. 15:20). Munhu ngaarege kuzvinyengedza, **I VaKori.** 3:18. Musarege munhu achikunyengedzai nemazwi asina maturo, **VaE.** 5:6. Vanhu vakaipa vachanyengedza uye ivo vachinyengedzwa, **II Tim.** 3:13. Satani, akanyengedza pasi rose, akarasirwa kunze, **Zvaka.** 12:9. Satani akasungwa kuti asazonyengedzazve marudzi, **Zvaka.** 20:1–3. Ishe haanganyengedzwe, **2 Ni.** 9:41. Kana muchitevera Mwanakomana, muchiita zvisina hunyengedzi pamberi paMwari, muchagamuchira Mweya Mutsvene, **2 Ni.** 31:13. Sheremu akareurura kuti akanga anyengedzwa nesimba radhiabhorosi, **Jak.** 7:18. Vanhu vaMambo Noa vakanyengedzwa nemazwi ehunyengedzi, **Mosaya** 11:7. Vakachenjera vakatora Mweya

Mutsvene semutungamiri wavo, uye havana kunyengedzwa, **D&Z** 45:57. Nhamo kune avo vari vanyengedzi, **D&Z** 50:6. Akave Satani, baba wema nyepo ose, kunyengedza nokupofomadzwa vanhu, **Mos.** 4:4.

HUPANDUKI. *Onawo* Chitadzo;

Dhiabhorosi; Kurasika pachitendero; Kutsutsumwa

Kushora kana kupikisa Ishe, zvichisanganisa kuramba kutevera vatungamiri vake vakasarudzwa nokusateerera mirairo yake, nokuda kwenyu.

Musapandukire Ishe imi, **Num.** 14:9. Munhu akaipa anotsvaka upanduki chete, **Zir.** 17:11. Nhamo kuvana vakapanduka, **Isa.** 30:1. Ishe havanunuri kana mumwechete wevakaita saivava vanomupandukira vachifa vari muzvitema zvitadzo, **Mosaya** 15:26. VaAmurisasi vakabuda pachena mukupandukira Mwari, **Aru.** 3:18–19. Vane zvekupanduka vachabaiwa nokusuwa kwakawanda, **D&Z** 1:3. Hasha dza-Ishe dzinokunhidzirwa kune vanopanduka, **D&Z** 56:1 (D&Z 63:1–6). Satani akapandukira Mwari, **Mos.** 4:3.

HUPIRISITA. *Onawo* Chitsidzo

neChibvumirano cheHupirisita; Gadza; Hupirisita hwaAroni; Hupirisita hwaMerkizedeki; Kiyi dzeHupirisita; Mvumo; Simba

Mvumo nesimba iro Mwari vanopa kumunhu kuti aite zvinhu zvose muruponeso rwevanhu (D&Z 50:26–27). Nhengo dzechirume dzeChechi vane hupirisita vanorongwa muzvikiwata uye vagopihwa mvumo yekuti zvisungo nezvimwe zvekufambisa basa muChechi.

Kuzodzwa kwavo kuchave zvirokwa-zvo hupirisita hwarinhi-narinhi, **Eks.** 40:15 (Num. 25:13). Ndakugadza iwe, **Joh.** 15:16. Mavakirwa imba yemweya, hupirisita hutsvene, **I Pet.** 2:5. Imi muri chizvarwa chakasarudzwa, hupirisita hweumambo, **I Pet.** 2:9 (Eks. 19:6). Varume vanodaidzwa kuti vave vapirisita vepamusoro pamusana perutendo

nemabasa avo akawandisa akanaka, **Aru.** 13:1–12. Ndinopa kwamuri simba rekubhabhatidza, **3 Ni.** 11:21. Muchave nesimba rekupa MweyaMutsvene, **Moro.** 2:2. Ndicharatidza kwamuri hupirisita, nemuruoko rwaErija, **D&Z** 2:1 (Nh—JS 1:38). Ishe vakasimbisa hupirisita pana Aroni nembeu yake, **D&Z** 84:18. Hupirisita ukuru uhwu ndihwo hwunofambisa vhangeri, **D&Z** 84:19. Vakabvisa Mosesi pakati pavo, neHupirisita utsvene, **D&Z** 84:25. Chitsidzo nechibvumirano chehupirisita zvinotsanangurwa, **D&Z** 84:33–42. Hupirisita hwaakaenderera mberi nokutevedza mutsetse wemadzibaba enyu, **D&Z** 86:8. Kune, hupirisita huviri, muChechi ino, **D&Z** 107:1. Hupirisita hwekutanga Hupirisita Hutsvene, uchiteedza hurongwa hweMwanakomana waMwari, **D&Z** 107:2–4. Kodzero dzehupirisita dzakabatana zvisinga patsanurike nemasimba edenga, **D&Z** 121:36. Hakuna simba kana hurudziro inga kana inogona kuchengetedzwa nekungoti hupirisita chete, **D&Z** 121:41. Wose ane rutendo, akakodzera ari nhengo yeChechi ari wechirume anogona kugashira hupirisita, **D&Z** Chirevo—1. Tinodaira kuti munhu akafanira kudaidzwa naMwari, **Mis. yeCh.** 1:5.

HUPIRISITA, KIYI DZE. *Ona* Kiyi dzeHupirisita

HUPIRISITA HWAARONI. *Onawo* Aroni, Mukoma waMosesi; Hupirisita; Mutemo waMosesi

Hupirisita hudiki (VaH. 7:11–12; D&Z 107:13–14). Zvinzvimbo zvahwo hubhishopi, hupirisita, hudzidzisi, nehudhikoni (D&Z 84:30; 107:10, 14–15, 87–88). Makare kare, pasi pemurau waMosesi, kwaive nevapirisita vepamusoro, vapirisita nemaRevi. Hupirisita hwaAroni hwakaratidzwa kuna Mosesi nokuti malsraeri epasichigare akanga apandukira Mwari. Vakaramba kutsveneswa kuti vagotambira Hupirisita hwaMerkizedeki nezvisungu zvahwo (D&Z 84:23–25). Hupirisita

hwaAroni hunoona nezvezvisungo zvenyama nezvekunze zvemurau nevhangeri (I Mak. 23:27–32; D&Z 84:26–27; 107:20). Ndiho huno bata makii ekushanda kwe ngirozi, evhangeri rekutendeuka, nerubhabhatidzo (D&Z 13). Hupirisita hwaAroni hwakadzorerwa pasi mukuwo wenguwa ino wevhangeri musu wa15 Chivabvu mugora 1829. Johane Mubapatidzi akahugadza Joseph Smith naOliver Cowdery pamahombekombe erwizi rweSusquehanna, pedyo neHarmony, muPennsylvania (D&Z 13; Nh—JS 1:68–73).

Uye achazove nechibvumirano chehupirisita husingapere nariini, **Num.** 25:13. Ishe vachachenesesa vanakomana vaRevi, uye vagoitwa vatsvene, **Mara.** 3:3 (3 Ni. 24:3). Hakuna munhu anogona kuzvitorera rukudzo urwu pachezvake, **VaH.** 5:4. Kukwana ha kuunzwe neHupirisita hwaRevi, **VaH.** 7:11. Hupirisita uhwu hauchazobviswi pasi kudakara vanakomana vaRevi vapa mupiro, **D&Z** 13:1. Joseph Smith naOliver Cowdery vakagadzwa Hupirisita hwaAroni, **D&Z** 27:8. Hupirisita hudiki hune makiyi ekushanda kwengirozi, **D&Z** 84:26 (D&Z 13:1). Kune hupirisita huviri, hunoti, Merkizedeki nehwaAroni, **D&Z** 107:1. Hupirisita hwechipiri hunonzi hwaAroni, **D&Z** 107:13.

HUPIRISITA

HWAMERKIZEDEKI. *Onawo* Gosa; Hupirisita; Merkizedeki

Hupirisita hwaMerkizedeki ndihwo hupirisita hwepamusoro kana hukuru; Hupirisita hwaAroni ndihwo Hupirisita hudiki. Hupirisita hwaMerkizedeki hunosanganisa nekiyi dzemaropafadzo emweya eChechi. Nemuzvisungwa zvehupirisita hwepamusoro, simba rehumwari rinoratidzwa kuvanhu (D&Z 84:18–25; 107:18–21).

Mwari vakatanga kuratidza hupirisita hwepamusoro uhwu kuna Adama. Mapatiriaki nemaporofita muchinguva chose-chose vaive nesimba iri (D&Z 84:6–17). Hwakambotanga kudaidzwa kunzi Hupirisita Hutsvene,

weGungano reMwanakomana waMwari. Mushure hwakazozivikanwa nokunzi Hupirisita hwaMerkizedeki (D&Z 107:2-4).

Vana vaIsraeri pavakatadza kuteveda zvaivaipiwa nezvibvumirano zve Hupirisita hwaMerkizedeki, Ishe vakavatorera mutemo wepamusoro akavapa hupirisita hudiki nemurou mudiki (D&Z 84:23-26). Uhuw hwainzi Hupirisita hwaAroni nemurau waMosesi. Jesu paakauya panyika, akadzorera pakare Hupirisita hwaMerkizedeki kumaJuda akatangisa kuvaka Chechi pakati pavo. Asika, Hupirisita neChechi zvakarasa zvakare pamusana peku-siya nzira kwayo. Zvakazozorerwa pakare mushure nemuna Joseph Smith, Mwana, (D&Z 27:12-13; 128:20; Nh—JS 1:73).

MuHupirisita hwaMerkizedeki mune zvinzvimbo zvirimo zvehugosa, mupirisita wepamusoro, patiriaki, vemakumi manomwe, neVaapositori (D&Z 107). Hupirisita hwaMerkizedeki huchagara huri chimwe cheumambo hwaMwari pano pasi.

Mukuru weChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira ndiye mukuru wehupirisita hwepamusoro kana kuti Hupirisita hwaMerkizedeki, uye ane makiyi ose ari maererano neumambo hwaMwari pano pasi. Nzvimbo yeMukuru weChechi inobatwa nemunhu mumwechete-chete panguva ipi zvayo, uye ndiye munhu chete pano pasi akabvumirwa kuita kiyi dzose dzeupirisita (D&Z 107:64-67; 132:7).

Kristu achave mupirisita narinhi mugungano raMerkizedeki, **Mpi.** 110:4 (VaH. 5:6, 10; 7:11). Hupirisita hwaMerkizedeki hunoparidza vhangeri, **VaH.** 7 (D&Z 84:18-25). Merkizedeki akaratidza kutenda kukuru uye akagashira nzvimbo yehupirisita hwepamusoro, **Aru.** 13:18. Hupirisita hwaMerkizedeki hwakagadzwa pana Joseph Smith nepana Oliver Cowdery, **D&Z** 27:12-13 (Nh—JS 1:72). Hupirisita hwakagashirwa nokupikira nechibvumirano, **D&Z** 84:33-42. Kune mapoka maviri kana kuti misoro mikuru, Hupirisita

hwaMerkizedeki nehwaAroni, **D&Z** 107:6. Hupirisita hwaMerkizedeki hune mvumo yekuita mabasa ose emaropafadzo emweya, **D&Z** 107:8-18. Mosesi, Eria, naErija vakapa Joseph Smith naOliver Cowdery kiyi dzeupirisita, **D&Z** 110:11-16. Zvino ndave kukupai vashandi vemuHupirisita hwangu, kuti muve nemakiyi acho, **D&Z** 124:123.

HUPIRISITA HWE PAMUSORO.

Ona Hupirisita hwaMerkizedeki

HUPIRISITA HWAREVI. *Ona*

Hupirisita hwaAroni

HUPOMBWE. *Onawo* Hungochani;

Hunhu; Kufadza nyama;

Kusanganana kusina kururama;

Kusazvibata nehupombwe

Kusangana kwevarume nevakadzi zvisiri pamurawo. Kana dai zvazvo upombwe huchireva kazhinji kusangana pakati pemunhu akaroorana nemumwe asiri chaiye akawanana naye, mungwaro matsvene zvingangorevawo vanhu vasina kuroorana kana kuchata.

Dzimwe nguva upombwe hunoshandiswa sechiratidzo cherudzi rwarasika kana vanhu vabva munzira dzalshe (Num. 25:1-3; Ezk. 16:15-59; Jer. 3:6-10; Hos. 4).

Josefa haanga ite chitadzo chikuru ichi nekutadzira Mwari, **Gen.** 39:7-12. Usaite upombe, **Eks.** 20:14. Ani zvake anatarisa mukadzi nokumuchiva atoit cheupombwe mumwoyo make, **Mat.** 5:28. Hakuna vanorarana kana vanopomba vachagara nhaka youmambo hwaMwari, **I VaKori.** 6:9-10. Mwari vachatonga zvifeve nevanopomba, **VaH.** 13:4. Upombwe hunonyangadza zvakananyansa kudarika zvimwe zvitadzo zvose kunze kwekudeura ropa reasina mhosva kana kuramba mweya Mutsvene, **Aru.** 39:3-5. Uyo anoita upombwe, asingatendeuke, acharasirwa kunze, **D&Z** 42:23-26. Kana ani zvake achaita upombwe mumwoyo yavo, haazove neMweya, **D&Z** 63:14-16.

HUPOROFITA. *Onawo* Muoni;
Muporofita; Muporofitakadzi;
Zvakazarurwa

Huporofita hunosanganisa mazwi ehumwari akatemerwa kana zvinyorwa, izvo zvinotambirwa nemunhu mukuridzwa kubva kuMweya Mutsvene. Uchapupu hwaJesu mweya wehuporofita (Zvaka. 19:10). Huporofita hungangove nechekuita nezvakapfuura, zviripo, kana zvichauya. Kana munhu achiporofita, anotaura kana kunyora izvo Mwari vanoda kuti azive, zvinoyamura iye, kana vamwe. Munhu wega-wega anogona kugashira huporofita kana chiratidzo cheupenyu hwake.

Mwari vanoti dai vose vanhu vaIshe vari vaporofita, **Num.** 11:29. Vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita, **Joere** 2:28 (Mabasa 2:17–18). Anoburitsa pachena zvakavanda zvake kuvaranda vake maporofita, **Amosi** 3:7. Hakuna huporofita hwemumagwaro matsvene hune dudziro isiri pachena, **II Pet.** 1:20. MaNifai vakave nezvakazarurwa zvakawanda nemweya wechaporofita, **Jak.** 4:6, 13. Aruma naAmureki vakaziva pfungwa dzemwoyo waZiziromu kuburikidza nemweya wehuporofita, **Aru.** 12:7. Nhamo kune uyo anoti Ishe havachashanda nehuporofita, **3 Ni.** 29:6. Nzverai huporofita hwalsaya, **Morm.** 8:23. Huporofita hwose huchazadzikiswa, **D&Z** 1:37–38. Munhu akafanira kudaidzwa naMwari nehuporofita, **Mis. yeCh.** 1:5.

HURANGANWA

HWEMURUVANDE. *Onawo*
Kaini; Makororo aGadhiandoni

Musangano wevanhu vakabatanidzwa pamwechete nemhiko kuti vaite basa rakaipa rechikwata.

Baba venhema vanomutsa vana vevanhu kuti vaite huranganwa muruvande, **2 Ni.** 9:9. Ndinofanira kuti ndiparadze mabasa emuruvande erima, **2 Ni.** 10:15. Kutonga kwaMwari kwakauya pamusoro pevashandi ava vehuranganwa hwemuruvande, **Aru.** 37:30. Gadhiandoni akange atokonzera ku-

paradzwa kwose kwevanhu vaNifai, **Hir.** 2:4–13. Satani akazviisa mumwoyo yevanhu kuti vaite mhiko nezvibvumirano muruvande, **Hir.** 6:21–31. Ishe havashande muhuranganwa hwemuruvande, **Eta** 8:19. Marudzi anoreverera huranganwa hwemuruvande achaparadzwa, **Eta** 8:22–23. Vakaramba mazwi ose emaporofita, pamusana pezvibatanidzwa zvavo zvemuruvande, **Eta** 11:22. Kubvira mumazuva aKaini, kwakange kuine huranganwa hweruvande, **Mos.** 5:51.

HURONGANO HWEKUTANGA

HWEVHANGERI. *Ona*
Bhabhatidza; Mweya Mutsvene;
Rutendeuko; Rutendo

HURONGWA

HWEMUBATANIDZWA. *Onawo*
Gadza, Mutemo wegadzo

Gungano iro raishandiswa neVatendi vemazuva ekutanga kweChechi yakadzorerwa pakare kutsvaka kugara mutemo wekuzvipira. Vanhu vaigovana midziyo, zvinhu, nezvinowanikwa, vachigashira zvinhu izvi zvichienderana nezvavaida nezvavaishaya (**D&Z** 51:3; 78:1–5; 104).

Muzvinhu zvenyu zvenyama muchaenzana, **D&Z** 70:14. Vatendi vaizorongwa kuti vaenzane muzvinhu zvose, **D&Z** 78:3–11 (**D&Z** 82:17–20). Ishe vakapa hurongwa hwemubatanidzwa zvakazarungwa nemurairo, **D&Z** 92:1. John Johnson akafanira kuve nhe ngo yehurongwa hwemubatanidzwa, **D&Z** 96:6–9. Ishe vakapa mirairo yemashandisirwo ehurongwa hwemubatanidzwa, **D&Z** 104. Vanhu vangu havana kubatana maererano nekubatana kunodiwa neumambo hweseresitiyaro, **D&Z** 105:1–13.

HURONGWA HWERUNUNURO.

Onawo Dzikinura; Jesu Kristu;
Kupunzika kwaAdama naEva;
Ruponeso; Vhangeri

Kuzara kwevhangeri raJesu Kristu, rakarongwa kuti riunze kusafa

kwemunhu neupenyu hwokusingaperi. Zvinosanganisa Kusika, Kupunzika, neRudzikinuro, pamwechete nemitemo yose yakapiwa naMwari, zvisungo, nedzidziso. Hurongwa uhwu hunoita kuti zvikwanisike kuti vanhu vose vasimudzirwe vagogara nariini naMwari (2 Ni. 2, 9). Magwaro matsvene naiwowo anotaure nezvezano iri sezano reruponeso, hurongwa hwerufaro, nehurongwa hwetsitsi.

Akakuvadzirwa kudarikira kwedu, **Isa.** 53:5 (Mosaya 14:5). Hakuna rimwe zita pasi pedenga iro ringaponese munhu, **Mabasa** 4:12. Sezvo munaAdama vose vanofa, kana naizvozvo munaKristu vose vachaitwa vapenyu, **I VaKori.** 15:22. Nenyasha munoponeswa pamusana perutendo, **VaE.** 2:8 (2 Ni. 25:23). Mwari vakavimbisa upenyu hwokusingaperi nyika isati yatanga, **Tito** 1:2. Jesu ndiye munyori weruponeso rwekusingaperi, **VaH.** 5:8–9. Zano rekununura rakapfuudzirwa kune vakafa, **I Pet.** 3:18–20; 4:6 (D&Z 138). Rufu rwunozadzikisa hurongwa hwetsitsi dzeMusiki mukuru, **2 Ni.** 9:6. Hukuru sei hurongwa hwaMwari vedu! **2 Ni.** 9:13. Hurongwa hwerununuro hunongwa kumutswa kwevakafa nekuregererwa kwezvitadzo, **Aru.** 12:25–34. Aroni akadzidzisa nehurongwa hwerununuro kuna baba vaRamonai, **Aru.** 22:12–14. Amureki akatsanangura hurongwa hweruponeso, **Aru.** 34:8–16. Aruma akatsanangura hurongwa hweruponeso, **Aru.** 42:5–26, 31. Dzidziso dzekusika, kupunzika, rudzikinuro, nerubhabhatidzo zvinotsigirwa mune zvakarurwa zvemazuva ano, **D&Z** 20:17–29. Hurongwa hwakagadzwa nyika isati yavaipo, **D&Z** 128:22. Basa rangu nekubwinya kwangu kuunza kuti zviitike kusafa neupenyu hwokusingaperi hwemunhu, **Mos.** 1:39. Uhu ndihwo hwurongwa hweruponeso kuvanhu vose, **Mos.** 6:52–62. Tichavaedza pano nahwo, **Abr.** 3:22–26.

HURONGWA HWERUPONESO.

Ona Hurongwa hwerununuro

HURUMENDE. *Onawo* Bumbiro remutemo

Panodzoka Jesu Kristu, achamisa hurumende yehutsvene.

Hurumende ichave pamapfudzi ake, **Isa.** 9:6 (2 Ni. 19:6). Ipai kuna Kesari zvinhu zvaKesari, **Mat.** 22:21 (D&Z 63:26). Ivai pasi pemasimba epamusoro, **VaR.** 13:1. Namatirai madzimambo neavo vose vanotonga, **I Tim.** 2:1–2. Ivai pasi pehutongi hwematunhu mutererere vatongi vamatare edzimhosva, **Tito** 3:1. Zvipirei kuchisingo chegachega chemunhu kuitira Ishe, **I Pet.** 2:13–14. Jesu Kristu achave ndiye mutongi wekupedzisira, **Zvaka.** 11:15. Ivai nevanhu vakarurama kuti vave madzimambo enyu, **Mosaya** 23:8. Itai basa renyu nesarudzo yevanhu, **Mosaya** 29:26. Kristu achave mutongi wedu paanouya, **D&Z** 41:4. Uyo anochengetedza mitemo yaMwari haana chaangatyorerere mitemo yenyika, **D&Z** 58:21. Kana vakaipa vachitonga, vanhu vanochemba, **D&Z** 98:9–10. Hurumende dzinodzikwa naMwari kuti zviabitsire vanhu, **D&Z** 134:1–5. Vanhu vanosungirwa kutsigira nokusimudzira hurumende, **D&Z** 134:5. Tinodaira kuti tigove pasi pepadzimambo, navatungamiri, vatongi, nevatongi vematare, **Mis. yeCh.** 1:12.

HUSHINGI

Kutsungirira nekuramba munhu achiita, nekusatya, kana kuneta kunyanya mukushandira Ishe nekuteerera shoko ravo. Kusave unotyta, kunyanya pakuita zvakarurama.

Simbai uye muve nekushinga kwakanaka, **Deut.** 31:6 (Josh. 1:6–7). Ivai nekushinga chaizvo kuti multe nekuchengegedza zvose zvakanyorwa, **Josh.** 23:6. Teererai nokushingirira kwandiri, **Isa.** 55:2. Mwari havana kutipa mweya wekutya, **II Tim.** 1:7. Mwari mupi weavo vanomutsvaga, **VaH.** 11:6. Nokupira hushingi hwose, opamhidzira kurutendo rwenyu hunhu, **II Pet.** 1:5. Dzidzisa shoko raMwari nekushinga kwose, **Jak.** 1:19. Mwoyo wake wakatora kushi-

nga paakanzwa, **Aru.** 15:4 (Aru. 62:1). Vakanga vanzvera mumagwaro matsvene nokushingirira, **Aru.** 17:2. Vanakomana vaHiramani vakanga vakapfuuridza nekushinga, **Aru.** 53:20–21. Handina kumbenge ndakaona kushinga kukuru kwakadai, **Aru.** 56:45. Vakanga vachida nokushinga kwose kuchengetedza mirairo, **3 Ni.** 6:14. Ngatishandei takashinga, **Moro.** 9:6. Punyairai muri muchikonzero chakanaka, **D&Z** 58:27. Kana kusave neusimbe asi kushanda nesimba renyu, **D&Z** 75:3. Ipai kushinga nehany'a kumazwi eupenyu hwokusingaperi, **D&Z** 84:43. Regai munhu wose adzidze basa rake, nokuita muhushingi hwose, **D&Z** 107:99. Kushinga, hama, nokuenda, kuenda kunokunda, **D&Z** 128:22.

HUTSVENE. *Onawo* Chakachena; Kutsveneswa; Mutsvene

Kunatswa muMweya nemuhunhu. Hutsvene hunoratidza kuchena kwe-mwoyo wemunhu nezvaakananga.

Nhengo dzinofanira kuratidza kuti vakodzera Chechi nokufamba muhutsvene pamberi palshe, **D&Z** 20:69. Imba yaIshe inzvimbo yehutsvene, **D&Z** 109:13. Murume weHutsvene ndiro zita raMwari, **Mos.** 6:57 (Mos. 7:35).

HUTSVENE HWEUTSVENE.

Onawo Tabernakeri; Temberi, Imba yaIshe

Mupanda waiyera kwazvo mutabernakeri yaMosesi uye pashure nemutemberi. Hutsvene hweUtsvene inodaidzawo kuti “nzvimbo yakanyanya kuve tsvene” (Eks. 26:33–34).

HUTSVINA. *Onawo* Akaipa;

Asakarurama; Chakachena nechisina Kuchena; Chitadzo; Kushaya huMwari

Kusashambidzika kweMweya nechikonzero chekusada kuteerera Mwari.

Ishe vachageza tsvina yevanasikana veZioni, **Isa.** 4:4 (2 Ni. 14:4). Umambo hwaMwari hauna tsvina, **1 Ni.** 15:34

(Aru. 7:21). Avo vane tsvina vacharamba vaine tsvina, **2 Ni.** 9:16 (Morm. 9:14). Muchanzwa sei, kana mukazomira pamberi pedare raMwari, muine nhumbi dzenyu dzine madonhwe ehutsvina? **Aru.** 5:22. Dzinofanira kuramba dziine tsvina zvakadaro, **D&Z** 88:35. Ndichazorora rinhi, nokusukwa kubva muhutsvina? **Mos.** 7:48.

HUTUNGAMIRI

HWEKUTANGA. *Onawo* Kiyi dzeHupirisita; Mutungamiri; Zvakazarurwa

Mutungamiri weChechi neMakurukota ake. Chikwata chevapisita vepamusoro vatatu uye vari ivo vagere pamusoro peChechi yose. Hutungamiri Hwekutanga ndihwo hune makiyi ose ehupirisita.

Kiyi dzeumambo nguva dzose ndedze Hutungamiri hweHupirisita Hwepamusoro, **D&Z** 81:2. Hutungamiri Hwepamusoro hune mvumo yekutungamira ose mabasa, **D&Z** 107:9, 22. Ani nani zvake anotambira ini anotambira Hutungamiri Hwekutanga, **D&Z** 112:20, 30. Hutungamiri Hwekutanga ndihwo hunotambirira chechi yose zvakazarurwa, **D&Z** 124:126.

HUTURU. *Ona* Hasha

HYDE, ORSON

Nhengo yechikwata chekutanga cheVaapostori vaneGumi neVaviri vakadaidzwa mukuwo uno (**D&Z** 68:1–3; 75:13; 102:3; 124:128–129). Akaita mabasa akawanda muChechi, kusanganisa nokupira Nyika Tsvene muna 1841 kuti maJuda adzokere.

IBA. *Ona* Kuba

IBWE. *Onawo* Jesu Kristu; Vhangeri; Zvakazarurwa

Mukutaura, Jesu Kristu nevhangeri rake, zvinove ndihwo hwaro hwakasiimba nerutsigiro (**D&Z** 11:24; 33:12–13). *Ibwe* zvinogona kurevawo zvakazarurwa, zviri izvo zvinoitwa naMwari

kuti munhu azive vhangeri rake (Mat. 16:15–18).

Ndiye ibwe, basa rake rakakwana, **Deut.** 32:4. Ishe ndivo ibwe rangu; mavari ndichavimba, **II Sam.** 22:2–3. Ibwe rakachekwa pasina maoko, **Dan.** 2:34–35. Yakatangirwa pamusoro pebwe, **Mat.** 4:25 (3 Ni. 14:25). Jesu Kristu ndiro ibwe rakaitwa zvisina maturo, **Mabasa** 4:10–11. Ibwe iroro raiva Kristu, **I VaKori.** 10:1–4 (Eks. 17:6). Uyo akavakirwa pabwe anogashira chokwadi, **2 Ni.** 28:28. VaJuda vachariramba ibwe [Kristu] pamusoro paro pavaitovakira, **Jak.** 4:15–17. Pamusoro pebwe reMununuri wedu ndipo patakafanira kuvakira hwaro hwedu, **Hir.** 5:12. Uyo anovakira padzidziso yaKristu arikuvakira pabwe rake haazopunzika kana mvura yauya, **3 Ni.** 11:39–40 (Mat. 7:24–27; 3 Ni. 18:12–13). Murume akachenjera akavakira imba yake pabwe, **3 Ni.** 14:24. Kana makavakirwa pabwe rangu, pasi negehena hazvikwanise kukunda, **D&Z** 6:34. Uyo anovakira pabwe iri haazofe akapunzika, **D&Z** 50:44. Ndini Mesia, Mambo weZioni, Ibwe reKudenga, **Mos.** 7:53.

IMANUERI. *Onawo* Jesu Kristu

Rimwe remazita aJesu Kristu. Rinobva kumazwi ari muchi Heberu anoreva kuti “Mwari anesu.”

Imanueri izita rinopihwa semuche-rechedzo weruponeso rwaMwari (Isa. 7:14). Kutaura kwaisaya nezva Imanueri zvakanoyatsoiswa pachena naMateo sechiperofita chekuzvarwa kwaJesu muupenyu hwekufa (Mat. 1:18–25). Zita iri rinoonekwawo mumagwaro matsvene emazuva ekupedzisira (2 Ni. 17:14; 2 Ni. 18:8; **D&Z** 128:22).

IMBA. *Onawo* Mumhanzi; Rwiyo

Kunamata nokurumbidza Mwari mu-kuimba nemimanzi.

Imbirai kuna Ishe, **I Mak.** 16:23–36 (Mpi. 96). Imbai kuna Ishe, uye mupe kutenda, **Mpi.** 30:4. Itai mhere-mhere inofadza kuna Ishe, **Mpi.** 100:1. Mushu-

re mekunge vaimba rwiyo rwechinamato, vakaenda kunze kugomo reMiorivhi, **Mat.** 26:30. Mweya Mutsvene wakavatungamirira kuimba, **Moro.** 6:9. Rwiyo rwevakarurama munamato kwandiri, **D&Z** 25:12. Kana makafara, rumbidzai Ishe nokuimba, **D&Z** 136:28.

IMBA YAISHE. *Ona* Temberi, Imba yaIshe

IMBA YAISRAERI. *Ona* Israeri

IMBA YEKUCHENGETERA.

Onawo Ruyamuro

Inzvimbo umo bhishopi anogashirira, anochengetera muravimbo nekuzogovera kuvarombo mupiro yakapirwa yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Hozhi yega-yega inotarirwa kuve huru kana diki sezvinenga zvichidiwa. Vatendi vakatendeka vanopa zvipo, njere, zvinhu nemari yavanokwanisa kuna bhishopi kuti achengetese varombo munguva dzekushaya. Saka, hozi ingangove nezvinogona kushandiswa, mari, zvekudya, kana zvimwewo zvinhu. Bhishopi ndiye mumuririri wehozi uye anogovera zvinhu kana mabasa maererano nezvinenge zvichidiwa nematungamiriro eMweya waIshe (**D&Z** 42:29–36; 82:14–19).

Regai vaunganidze zvekudya kuitira makore manomwe enzara, **Gen.** 41:34–36, 46–57. Unzai zvose zvegumi kuhozi, **Mara.** 3:10 (3 Ni. 24:10). Regai bhishopi amise hozi kuChechi rino, **D&Z** 51:13. Zvinhu zvakanandisa zvichapiwa kuhozi yangu, **D&Z** 70:7–8. Vatendi vakafanira kuronga nekumisa hozi, **D&Z** 78:1–4. Vana vanochemera hozi yaIshe kana vabereki vavo vasina, **D&Z** 83:5.

INZWAI. *Onawo* Mweya Mutsvene

Kunzwa kutunha kweMweya.

Makanga mapfuura pekunzwa, zvekuti makanga musisanzwe mazwi avo, **1 Ni.** 17:45. Kana manzwa kututunuka uku, munobva matanga kuti iyi imbeu yakanaka, **Aru.** 32:28. Muchanzwa kuti zvakanaka, **D&Z** 9:8. Vose vanhu

vachapinda mumba maIshe vachanzwa simba renyu, **D&Z** 109:13.

ISAKA. *Onawo* Abrahamama

Tateguru wemuTestamente yaKare. Kuzwarwa kwake kuna Abrahamama naSara mukukwegura kwavo kwaive chishamiso (Gen. 15:4–6; 17:15–21; 21:1–8). Kuda kwaAbrahama kupira Isaka kwainge kwakafanana nekwaMwari neMwanakomana wake Mumwechete Akaberekwa (Jak. 4:5). Isaka aive mugari wenhaka yezvivimbiso zvechibvumirano chaAbrahama (Gen. 21:9–12; 1 Ni. 17:40; D&Z 27:10).

Isaka akaberekwa, **Gen.** 21:1–7. Akanga achizopirwa pagomo reMoria, **Gen.** 22:1–19 (D&Z 101:4). Akaroora, **Gen.** 24. Akabata nevana vake, **Gen.** 27:1–28:9. Akatambira kusimudzirwa pamwe naAbrahama naJakobo, **D&Z** 132:37 (Mat. 8:11).

ISAKARI. *Onawo* Israeri; Jakobo Mwanakomana waIsaka

Mwanakomana waJakobo naRea muTestamente yaKare (Gen. 30:17–18; 35:23; 46:13). Zvizukuru zvake zvakave rumwe rwemarudzi gumi nemaviri aIsraeri.

Rudzi rwaisakari: Maropafadzo aJakobo kuna Isakari anowanikwa muna Genesi 49:14–15. Mushure mekunge agara muKanani, rudzi urwu rwakagashira imwe yenyika dzakapfuma kwazvo muFiristia, kusanganisa nebani reEsidraroni. Mukati memiganhu yaIsakari makange muine nzvimbo zhinji dzaikosha muupenyu hwemaJuda, semufananidzo, Karmeri, Megido, Dotani, Girboa, Jezreeri, Tabori, neNazareta (Josh. 19:17–23).

ISAYA

Muporofita wemuTestamente yaKare akaporofita kubvira 740–701 Kristu asati azvarwa Semukuru wevaipa mazano kuna Mambo Hezekia, Isaya akange achizivikanwa zvikuru mune zvekunamata nezvematongerwo enyika.

Jesu akatapa mazwi alsaya kazhinji

kupfuura vamwe maporofita. Isaya anotapwa zvizhinji naPetro, Johane naPauro muTestamente Itsva. Bhuku raMormoni neDzidzo neZvibvumirano zvine zvitapa zvakawanda kubva kuna Isaya kupfuura vamwe maporofita uye zvichipa ruyamuro rwukuru mukududzira Isaya. Nifai aidzidzisa vanhu kubva muzvinyorwa zvalsaya (2 Ni. 12–24; Isa. 2–14). Ishe vakataurira maNifai kuti “mazwi alsaya makuru” nezvinhu zvakaporofitwa naIsaya zvichazadzikiswa (3 Ni. 23:1–3).

Bhuku ralsaya: Bhuku riri muTestamente yaKare. Zvizhinji zvezviporofita zvalsaya zvinotaura nezvekuuya kweMunuri mukuparidza kwake panyika (Isa. 9:6) uye saMambo Mukuru muzuva rekupedzisira (Isa. 63). Akaporofitawo zvizhinji neramangwana reIsraeri.

Chitsauko 1 chisumo kubhuku rose. Isa. 7:14; 9:6–7; 11:1–5; 53:1–12; ne61:1–3 zvinonongedzera kumharidzo yeMuponesi. Zvitsauko 2, 11, 12 ne35 zvinotaura nezve zviitiko zvemumazuva ekupedzisira, apo vhangeri richadzorewa pakare, Israeri achaunganidzwa, uye nyika ine nyota ichavarura seruva. Chitsauko 29 chine chiporofita chezve kuuya kwe Bhuku raMormoni (2 Ni. 27). Zvitsauko 40–46 zvinotaura nezvekukosha kwaJehova saMwari vechokwadi pamusoro pezvimwari zvezvifananidzo zvinonamatwa nevahedheni. Zvitsauko zvasara, 47–66, zvinotaura nezvezviitiko zvekudzorewa pakare kwevaIsraeri nokumiswa kweZioni, naIshe achigara pakati pevanhu vake.

ISAYASI

MuTestamente Itsva mutowo wechiGiriki wezita Isaya (Ruka 4:17). Isayasi aivewe muporofita akararama mumazuva aAbrahama (D&Z 76:100; 84:11).

ISHE. *Onawo* Jesu Kristu; Mwari, Musoro hweHumwari

Zita rekuremekedza kwakadzama nokukudza Mwari Baba neMuponesi Jesu Kristu. Zita iri rinotaura nezve-

zvanzvimbo zvavo kuti zvikuru, vana-
tenzi vane rudo kuzvinhu zvavo
zvavakasika.

Hapana chakaomera kuna Ishe, **Gen.** 18:14. Ishe vakataura kuna Mosesi vakatarisana, **Eks.** 33:11. Muchada Ishe Mwari venyu, **Deut.** 6:5 (Mateo 22:37; Marko 12:30). Asi ini namba yangu, tichashandira Ishe, **Josh.** 24:15. Ishe ndivo mufudzi wangu, **Mpi.** 23:1. Ishe vakasimba uye vanesimba, vane-simba muhondo, **Mpi.** 24:8. Ishe Jehova ndiye simba rangu, **Isa.** 12:2 (2 Ni. 22:2). Ini Ishe ndini Muponesi wako neMununuri vako, **Isa.** 60:16. Uchanamata Ishe Mwari vako, **Mat.** 4:10 (Ruka 4:8). Zvakakura sei zvinhu zvakaikwa naIshe, **Marko** 5:19. Kune mumwechete Ishe Jesu Kristu, **I VaKori.** 8:6. Kuna Ishe vamwechete, rutendo rumwechete, rubhabhatidzo rwumwechete, **VaE.** 4:5. Ishe pachavo vachadzika kubva kudenga, **I VaT.** 4:16. Ndichae-nda uye ndigonoita zvinhu izvo zvandakataurirwa naIshe, **1 Ni.** 3:7. Ishe vachatonga varombo nokururama, **2 Ni.** 30:9. Ishe Mwari, Mwari vaAbrahamama vakaburitsa vaIsraeri kubva muhusungwa, **Aru.** 29:11. Hapana chingaponise vanhu kunze kwekute-ndeuka nerutendo muna Ishe, **Hir.** 13:6 (Mosaya 3:12). Teererai kumazwi aJesu Kristu, Ishe venyu, **D&Z** 15:1. Tsvagai chiso chaIshe nguva dzose, **D&Z** 101:38. Ishe vachange vari vatsvuku muzvipfeko zvavo mukuyi kwavo kwechipiri, **D&Z** 133:48 (Isa. 63:1-4). Abrahamama akataura nalshe vakatarisana, **Abr.** 3:11. Tinodaira kuti musimbotti wekutanga wevhangeri rutendo muna Ishe Jesu Kristu, **Mis. yeCh.** 1:4.

ISHE WEHONDO. *Onawo* Jesu Kristu

Rimwe zita raJesu Kristu. Anotonga vazhinji vekudenga nevari pasi uye achitungamirira vakaruruma mukurwisana nevakaipa (D&Z 29:9; 121:23).

Ishe vehondo ndivo Mambo vekubwinya, **Mpi.** 24:10. Mwari walsraeri ndivo Ishe veHondo, **1 Ni.** 20:2. Mweya wa-

ngu hauzogara nguva dzose uchirwisana nemunhu, ndiko kutaura kwaIshe veHondo, **D&Z** 1:33.

ISHMAERI, MWANAKOMANA WAABRAHAMA. *Onawo* Abrahamama; Hagari

MuTestamente yaKare, mwanakomana waAbrahamama naHagari, mushandi wechi Egipita waSara (Gen. 16:11-16). Ishe vakavimbisa vose Abrahamama naHagari kuti Ishmaeri achazove baba werudzi rwokuru (Gen. 21:8-21).

Chibvumirano chakauya nekunaIsaka panekuti chiuye nekuna Ishmaeri, **Gen.** 17:19-21 (VaG. 4:22-5:1). Mwari vakaropafadza Ishmaeri kuti ave nemichero, **Gen.** 17:20. Ishmaeri akayamura kuviga Abrahamama, **Gen.** 25:8-9. Vana va Ishmaeri gumi nevaviri vakadomwa, **Gen.** 25:12-16. Ishmaeri akafa, **Gen.** 25:17-18. Esau akatora mwanasikana waIshmaeri, Maharati, kuti ave mukadzi wake, **Gen.** 28:9.

ISHMAERI, TEZVARA VANIFAI. *Onawo* Rihai, Baba vaNifai

Murume ari mubhuku raMormoni uyo, iye nemhuri yake vakabatana nemhuri yaRihai murwendo rwavo kunyika yechivimbiso.

Nifai nevakoma vake vakadzokera kuJerusarema vakanyengetedza Ishmaeri nemhuri yake kuti vaperekedze Rihai nemhuri yake kunyika yechivimbiso, **1 Ni.** 7:2-5. Mhuri mbiri idzi dzakaroora, **1 Ni.** 16:7. Ishmaeri akafira murenje, **1 Ni.** 16:34.

ISITA. *Ona* Jesu Kristu; Kumuka kuvakafa

ISRAERI. *Onawo* Abrahamama— Mbeu yaAbrahamama; Jakobo, Mwanakomana walsaka; Kuvachako

Ishe vakapa zita rekuti Israeri kuna Jakobo, mwanakomana walsaka uye muzukuru waAbrahamama muTestamente yaKare (Gen. 32:28; 35:10). Zita rekuti Israeri rinogona kureva Jakobo

pachake, zvizukuru zvake, kana kuu-mambo hwakanga huri hwezvizukuru izvi kare munguva dzeTestamente yaKare (II Sam. 1:24; 23:3). Mushure mekunge Mosesi atungamirira vana vaIsraeri mukubuda muhusungwa hwema Egipita (Eks. 3-14), vakatongwa nevatongi kwemakore anopfuura mazana matatu. Kutanga naMambo Sauro, madzimambo akatonga Israeri yakabatana kudakara kufa kwaSomononi, apo pakapanduka marudzi gumi kubva kuna Rehoboami kuti vaumbe rumwe rudzi. Mushure mekupatsanurana kweumambo hwe Israeri, marudzi ekuchamhembe, sezvo ari iwo akanga akawanda, akachengetedza zita rekuti Israeri, uhwo umambo hwekumaodzanyemba hukadaidzwa kuti Juda. Nyika yeKananu inodaidzwa wo kuti Israeri nhasi uno. Mune imwe pfungwa, Israeri zvinoreva mutendi wechokwadi muna Kristu (VaR. 10:1; 11:7; VaG. 6:16; VaE. 2:12).

Marudzi gumi nemaviri elsraeri: Muzukuru waAbrahama Jakobo, uyo anezita rakapindurwa kunzi Israeri, aive nevanakomana gumi nevaviri. Zvizukuru zvavo zvave kuzikanwa semarudzi gumi nemaviri elsraeri kana kuti vana vaIsraeri. Aya ndiwo marudzi gumi nemaviri: Rubeni, Simeoni, Revi, Juda, Isakari, naZeburuni (vanakomana vaJakobo naRea); Dani naNaftari (vanakomana vaJakobo naBirha); Gadi naAsheri (vanakomana vaJakobo naZirpa); Josefa naBenjamini (vanakomana vaJakobo naRakeri) (Gen. 29:32-30:24; 35:16-18).

Jakobo akapa mumwe nomumwe wevatungamiri vemarudzi maropafadzo asati afa (Gen. 49:1-28). Kuti muzive zvizhinji, tarisai zita remumwe nomumwe wevanakomana vaJakobo.

Rubeni, dangwe remukadzi wekutanga waJakobo, Rea, akarasikirwa nemaropafadzo ehudangwe pamusana pekuszvibata (Gen. 49:3-4). Hudangwe zvino hwakabva hwaenda kuna Josefa, uyo vakanga ari dangwe remukadzi wechipiri waJakobo, Rakeri (I Mak. 5:1-2). Revi, uyo ane rudzi Ishe vakanga vasarudza kuti rwusha-

nde sevapisita vavo, haana kugashira nhaka pamusana pekudaidzwa kwavo kuti vashume pakiti pemamwe marudzi ose. Izvi zvakabvumira kuti zvidimbu zviviri zvemugove waJosefa zvigovaniswe kuvanakomana vaJosefa, Efraimi naManase (I Mak. 5:1; Jer. 31:9), avo vakaverengwa semarudzi ari pawo ega elsraeri (DJS, Gen. 48:5-6).

Nhengo dzerudzi rwaJuda ndivo vaizove vatongi kudakara Mesia auya (Gen. 49:10; DJS, Gen. 50:24). Muma-zuva ekupedzisira rudzi rwaEfraimi rwune rombo rekutakura mashoko ekudzorerwa pakare kwevhangeri kunyika nekuunganidzwa kweIsraeri yakapararira (Deut. 33:13-17). Nguva ichauya apo kuburikidza nevhangeri raJesu Kristu, Efraimi achave nechinzvimbo chekutungamira mukubatanidza ose marudzi alsraeri (Isa. 11:12-13; D&Z 133:26-34).

Kupararira kwa Israeri: Ishe vakaparadzira nokurwadzisa marudzi aya gumi nemaviri elsraeri pamusana pekusarurama kwavo nehupanduki. Zvakadaro, Ishe vakashandisawo kupararira uku kwevanhu vake vakasarudzwa mukati memarudzi enyika kuropafadza marudzi iwayo.

Ndichakuparadzirirai mukati mevahedheni, **Rev.** 26:33. Ishe vachakuparadzirai mukati mevanhu vose, **Deut.** 28:25, 37, 64. Ndichavaregera vachieneswa kuumambo hwepasi, **Jer.** 29:18-19. Ndichapepeti imba yalsraeri pakati pemarudzi ose, **Amosi** 9:9 (Zek. 10:9). Jesu akatumirwa kuhwai dzakarasika dzemba yalsraeri, **Mat.** 15:24. Ndine dzimwe hwai dzisiri dzedanga rino, **Joh.** 10:16. Israeri achaparadzirwa pahuso hwenyika, **1 Ni.** 22:3-8. Jakobho anomisa rungano rwaZenosi rwemiti yemuorivi nepamussha yemusango, **Jak.** 5-6. Basa raBaba richatanga mukati memarudzi akaparadzirwa, **3 Ni.** 21:26.

Kuunganidzwa kwa Israeri: Imba yalsraeri ichaunganidzwa pamwechete mumazuva ekupedzisira Kristu asati auya (Mis. yeCh. 1:10). Ishe vanounga-

midza vanhu vake Israeri kana vamugamuchira nokuchengeta mirairo yake.

Achasimudza mureza ivo vagouya, **Isa.** 5:26. Netsitsi huru ndichakuunganidzai, **Isa.** 54:7. Israeri naJuda vachaunganidzwa kunyika dzavo, **Jer.** 30:3. Ishe vachaunganidza imba yaIsraeri kubva mukati mevanhu mavakapararira, **Ezk.** 28:25. Mumukuwo chekuzara kwenguva achaunganidza pamwechete zvose zvinhu muna Kristu, **VaE.** 1:10. Mushure mekunge Israeri yaparadzirwa, vachaunganidzwa, **1 Ni.** 15:12–17. Ishe vachakokorodza vose vanhu vamba yaIsraeri, **1 Ni.** 19:16 (3 Ni. 16:5). Vachabviswa murima uye vagoziva kuti Ishe ndivo Muponesi wavo, **1 Ni.** 22:12. Mwari vanokokorodza uye vago verenga vana vavo, **1 Ni.** 22:25. Marudzi emajentairi achatakura Israeri achienda kunyika dzenhaka yavo, **2 Ni.** 10:8 (3 Ni. 16:4). Vanhu vangu uye nezwi rangu vachaunganidzwa sechinhu chimwechete, **2 Ni.** 29:13–14. Magosa anodaidzwa kuti akokorodze vakasarudzwa, **D&Z** 29:7 (D&Z 39:11). Ndi chaunganidza vakasarudzwa vangu, **D&Z** 33:6. Unganai kuti ndikupei murau wangu nekuti mupihwe simba, **D&Z** 38:31–33. Ndichatorazve vanhu vangu, avo vanove vamba yaIsraeri, **D&Z** 39:11. Vatendi vachauya, **D&Z** 45:46. Mosesi akapa kiyi dzeukuungana, **D&Z** 110:11. Kururama nechokwadi kuchatsvaira nyika uye kuchiunganidza vakasarudzwa valshe, **Mos.** 7:62. Kuunganidza kunoenzaniswa nekuungana kwemakondo pamarangwanda, **JS—Mat.** 1:27.

Marudzi gumi akarasika alIsraeri: Marudzi gumi alIsraeri ndiwo akanga akauamba umambo hwekuchamhembe kweIsraeri uye akatakurwa muhusungwa kuAsiria muna 721 Kristu asati azvarwa. Panguva iyo ya vakaenda “kunyika dzekuchamhembe” vakava vakarasika mukuziva kwevamwe. Mumazuva ekupedzisira vachadzoka.

Ndichati kuchamhembe, regera, **Isa.** 43:6. Ava vachabva kuchamhembe, **Isa.** 49:12 (1 Ni. 21:12). Juda naIsraeri vacha-

uya pamwechete vachibuda munyika yekuchamhembe, **Jer.** 3:18. Ishe vape nyu avo vakaunza vana vaIsraeri kubva kunyika yekuchamhembe, **Jer.** 16:14–16. Ndichavaunza kubva kunyika yekuchamhembe, **Jer.** 31:8. MaNifai nemaJudi vachave nemazwi emarudzi akarasika alIsraeri, **2 Ni.** 29:12–13. Ndinoenda kunozviratidza kurudzi rwaIsraeri rwakarasika, **3 Ni.** 17:4. Apo vhangeri richaparidzwa kune vakasara vemba yeIsraeri, marudzi akarasika achakokorodzerwa kumusha kunyika yenhaka yavo, **3 Ni.** 21:26–29. Mosesi akapa kiyi dzeukuunganidzwa kwaIsraeri kuna Joseph Smith naOliver Cowdery, **D&Z** 110:11. Avo vari munyika dzekuchamhembe vachauya mukurangerirwa pamberi palshe, **D&Z** 133:26–32. Tinodaira mukuunganidzwa kwaIsraeri, **Mis. yeCh.** 1:10.

ITA. *Ona* Anoteerera

IZWI. *Onawo* Zvakazarurwa

Sekushandiswa kwazvinoitwa mumagwaro matsvene, dzimwe nguva mashoko anonzwikwa achitaurwa nalshe kana nhumwa dzavo. Izwi reMweya rinogona kusanzwikwa uye rakanangiswa kumwoyo kana kupfungwa.

Adama naEva vakanzwa izwi raIshe Mwari, **Gen.** 3:8 (Mos. 4:14). Ishe vakataura kuna Erija nekazwi kakanyorovera kadiki, **I Madz.** 19:11–13. Vakarurama vanotevera izwi reMufudzi akanaka, **Joh.** 10:1–16. Wose uyu ari wechokwadi anonzwa izwi rangu, **Joh.** 18:37. Ndakateerera izwi reMweya, **1 Ni.** 4:6–18. Kwakauya izwi kwandiri, richiti: Enosi, zvitema zvako zvaregere rwa, **Eno.** 1:5. Raive izwi rakanyarara rakanyorovera zvakakwana rikabaya kusvika kana pamweya, **Hir.** 5:29–33 (3 Ni. 11:3–7). Kana dai zviri nezwi rangu kana izwi revaranda vangu, zvakafanana, **D&Z** 1:38. Chose zvacho chavachataura kana vachisundwa neMweya Mutsvene rinenge riri izwi raIshe, **D&Z** 68:2–4. Wose mweya unoteerera izwi rangu uchaona chiso changu ugoziva kuti Ndini, **D&Z** 93:1.

JAFETI. *Onawo* Noa, Tateguru vemuBhaibheri

Mwanakomana mukuru waNoa, muporofita wemuTestamente yaKare (Mos. 8:12).

Noa akabereka Jafeti, **Gen.** 5:32 (Gen. 6:10; Mos. 8:12). Jafeti nemudzimai wake vakapinda muAreka yaNoa, **Gen.** 7:13. Jafeti akabuda muareka, **Gen.** 9:18. Ishe vachakudza Jafeti, **Gen.** 9:27.

JAKOBHO, MWANAKOMANA WARIHAI. *Onawo* Rihai, Baba vaNifai

Muporofita muBhuku raMormoni nemunyori wemharidzo dzakawanda mumabhuku a 2 Nifai naJakobho (2 Ni. 6–11; Jak. 1–7).

Bhuku raJakobho: Bhuku rechitatu muBhuku raMormoni. Chitsauko 1 chinotaura kuti Nifai akaisa zvinyorwa kuna Jakobho ndokubva agadza Jakobho nemunin'ina wake Josefa kuti vave vapirisita nevadzidzisi kuvanhu. Zvitsauko 2–4 imharidzo inokurudzira vanhu kuti vave nehunhu hwakachena. Jakobho akadzidzisawo pamusoro pekuuya kwaMesia anonunura, akapa zvikonzero zvinoita kuti vamwe mu-Israeli vazomuramba pakuuya kwake. Zvitsauko 5–6 zvine uchapupu hwaJakobho nerungano rwechiporofita pamusoro peupenyu nebasa revanhu vaIsraeri. Chitsauko 7 chine tsananguro yemupanduki akadzidza zvikuru ainzi Sheremu uyo akakundwa neuchapupu hutsvene hwaJakobho.

JAKOBO, MUNIN'INA WAISHE

MuTestamente Itsva, munini'na waIshe (VaG. 1:19) newa Josefi, Simoni, Judasi, nedzimwe hanzvadzi (Mat. 13:55–56; Marko 6:3; Jud. 1:1). Aizivakanwawo nokunzi Jakobo akarurama uye akange aiine chinzvimbo chaikosha muChechi muJerusarema (Mabasa 12:17; 15:13; I VaKori. 15:7; VaG. 2:9–12). Angangove ndiye akanyora rugwaro rwaJakobo.

Rugwaro rwaJakobo: Bhuku riri muTestamente Itsva. Pakutanga yaive tsamba

yakanga yakanyorerwa kumarudzi gumi nemaviri elsraeri akanga akapararira kure uyezve ingangove yakanyorwa ichibva Jerusarema. Rugwaro urwu rwune zvinhu zvakanyatso tsanangurwa pachena nezvechitendero, zvichisanganisa kuraira kunokosha kuri muchitsauko 1 chinoti kana munhu asina unguwaru, akafanira kubvunza Mwari kuti ayamurwe (Jkb. 1:5–6; Nh—JS 1:9–20). Chitsauko 2 chinotaura nezverutendo nemabasa. Zvitsauko 3–4 zvinotaura nezvekuda kuti tibate rwurimi rweedu nokuyambira Vatendi kuti vasataure zvakaipa pamusoro pevamwe. Chitsauko 5 chinokurudzira Vatendi kuve nokushivirira nokudaidza vakuru kuti varopafadze vanorwara; chinodzidzisawo nezvemaropafadzo ekuyamura kutendeudza vamwe.

JAKOBO, MWANAKOMANA WAARFEO

Mumwe weVaapositori vaneGumi neVaviri vakasarudzwa naJesu panguva yemharidzo yake pano pasi (Mat. 10:3; Marko 3:18; Ruka 6:15; Mabasa 1:13).

JAKOBO, MWANAKOMANA WAISAKA. *Onawo* Esau; Isaka; Israeli

Teteguru nemuporofita wemuTestamente yaKare; Mudiki wemanyambiri evanakomana vaIsaka naRebeka (Gen. 25:19–26). Jakobo akawana hudangwe hwemukoma wake Esau. Izvi zvakanzerwa nokuti Jakobo ane humwari uye akarooro mukati mechibvumirano, zvakadaro Esau akashora hudangwe hwake uye oroora kunze kwechibvumirano (Gen. 25:30–34; 26:34–35; 27; 28:6–9; VaH. 12:16).

Rebeka akaziva kubva kuna Ishe kuti Esau achashandira Jakobo, **Gen.** 25:23. Akatenga hudangwe kubva kuna Esau, **Gen.** 25:29–34. Akarota manera aienda kudenga, **Gen.** 28. Akarooro Rea naRakeri, **Gen.** 29:1–30. Akaita vanakomana gumi nevaviri nemusikana mumwechete, **Gen.** 29:31–30:24; 35:16–20. Akawana Birha na Zirpa, **Gen.** 30:3–4, 9. Zita

rikapindurwa kuve Israeri, **Gen.** 32:28. Akaona Mwari vakatarisana, **Gen.** 32:30. Aida Josefa, **Gen.** 37:3. Akaenda kuEgipita nemhuri yake, **Gen.** 46:1–7. Akaropafadza vanakomana vake nezvizvarwa zvavo, **Gen.** 49. Akafa, **Gen.** 49:33. Akachengeta mirairo uye nhasi uno akasimudzirwa pachigaro kudenga, pamwechete naAbrahama nalsaka, **D&Z** 132:37.

JAKOBO, MWANAKOMANA WAZEBEDI

Mumwe wevane Vaapositori vaneGumi neVaviri vakasarudzwa najesu nguva dzemharidzo yake pano pasi. Aive mukoma wajohane. Aive mumwe weVaapositori vatatu vakasarudzwa kuti vave najesu pane dzimwe nguva dzai-kosha: pakumutswa kwemwanasikana waJairoso (Marko 5:37), paKushanduka (Mat. 17:1; Marko 9:2; Ruka 9:28), nepa-Getsemani (Mat. 26:37; Marko 14:33). NaPetro najohane, akadzorera pakare Hupirisita hwaMerkizedeki panyika nokugadza Joseph Smith (**D&Z** 27:12; 128:20; Nh—JS 1:72).

JAREDHI. *Onawo* Jaredhi, Mukoma wa; MaJaredhi

Mutungamiri wemuBhuku raMormoni uyo, nemunini'na wake, vakatungamira mhomo yevanhu kubva paShongwe yeBaberi kuenda kunyika yechivimbiso kurutivi rwemadokero (Eta 1:33–2:1).

Jaredhi akakumbira munini'na wake kuti anamate kuti Ishe vasakanganise mutauro wemhuri dzavo neshamwari, **Eta** 1:34–37. Akaenda kugungwa ndokunogara kwemakore mana, **Eta** 2:13. Akaenda nengarava kunyika yechipikirwa, **Eta** 6:4–12.

JAREDHI, MUKOMA WA. *Onawo* Jaredhi; MaJaredhi

Muporofita wemuBhuku raMormoni. Iye nemunini'na wake vakatanga rudzi rwemaJaredhi apo vakatungamira mhomo yevanhu kubva paShongwe yeBaberi kuenda kunyika yechipikirwa kunzvimbo yekumadokero (Eta 1–6).

Aive murume aive nekutenda kukuru kwekuti akataura naIshe vakatarisana pameso (**D&Z** 17:1). Rungano rwake rwakanyorwa mubhuku raEta.

Mukoma waJaredhi aive muhombe ari murume ane simba, achidiwa kwazvo naMwari, **Eta** 1:34. Pamusana perutendo rwake, mukoma waJaredhi akawona munwe waIshe, **Eta** 3:6–9 (Eta 12:20). Kristu akaratidza muviri wake wemweya kumukoma waJaredhi, **Eta** 3:13–20. Hakuna zvakanga zvakakura kukunda zvinhu zvakaraidzwa kune mukoma waJaredhi, **Eta** 4:4. Mukoma waJaredhi akayambira vanhu vake pamusoro pehutongi hwemadzimambo, **Eta** 6:22–23. Ishe akaratidza zvose zvinhu kumukoma waJaredhi, **Eta** 12:21. Mukoma waJaredhi aive nesimba mukunyora, **Eta** 12:24. Kuburikidza nerutendo mukoma waJaredhi akasudurudza gomo Zerini, **Eta** 12:30.

JAROMU

MuBhuku raMormoni, mwanakomana waEnosi nemwana wemwana wemwana waRihai. Akachengetedza zvinyorwa zvemaNifai kwemakumi matanhatu emakore, 420–361 Kristu asati azvarwa, (Eno. 1:25; Jar. 1:13). Aive murume anerutendo akasarudza kusanyora zvakanyanya muzvinyorwa zvemagariro avaiita (Jar. 1:2).

Bhuku raJaromu: Kune gumi rine shanu remavhesi chete mubhuku iri riri muBhuku raMormoni. Jaromu akanyora kuti maNifai vakaramba vachigara mumutemo waMosesi uye vachitarisira kuuya kwa Kristu. Vai tungamirwa nemadzimambo aive varume vakasimba verutendo. Vakabudirira sekuterera kwavaiita maporofita, vapirisita nevadzidzisi.

JEHOSHAFATI

MuTestamente yaKare, mambo wemaJuda ane rutendo (I Madz. 15:24; 22).

JEHOVA. *Onawo* Jesu Kristu; NDINI INI

Zita rechibvumirano kana zita chairi

raMwari waIsraeri. Rinoreva “wokusingaperi NDINI INI” (Eks. 3:14; Joh. 8:58). Jehova ndiJesu Kristu pasati pave nokufa uye akauya panyika semwanakomana waMaria (Mosaya 3:8; 15:1; 3 Ni. 15:1–5). Kazhinji kana izwi rinoti *Ishe* richionekwa muTestamente yaKare, rinoreva Jehova.

Jehova ndi Kristu: Jehova akanga achizikanwa kumaporofita vekare (Eks. 6:1–3; Abr. 1:16). Muapositori Pauro akadzidzisa kuti Kristu ndiJehova wemuTestamente yaKare (Eks. 17:6; I VaKori. 10:1–4). Mukoma wajaredhi muBhuku raMormoni akaona Kristu kusati kwave nekufa akamunamata (Eta 3:13–15). Moronai aidaidzawo Kristu kuti Jehova (Moro. 10:34). KuTemberu ye Kirtland, Joseph Smith naOliver Cowdery vakaona Jehova akamuka kuvakafa (D&Z 110:3–4).

JEREMIA. *Onawo* Mariro AJeremia

Muporofita wemuTestamente yaKare uyo akaberekwa mumhuri yehupirisi-ta aiporofita muJuda kubvira 626–586 Kristu asati azvarwa. Akararama pedyo nenguva dzevamwe maporofita vakuru: Rihai, Ezekieri, Hosea, naDanieri.

Jeremia akagadzwa kuti ave muporofita upenyu hwekufa husati hwavapo (Jer. 1:4–5). Munguva yake ingangosvika makore makumi mana ari muporofita aidzidzisa achirambidza kunamata zvfananidzo nehunzenza mukati mevanhu vechiJuda (Jer. 3:1–5; 7:8–10). Aigara akatarisana nekupikiswa kusingapere nokutukwa (Jer. 20:2; 36:18–19; 38:4). Mushure mekupunzika kweJerusarema, maJuda akatizira kuEgipita vakatora Jeremia navo (Jer. 43:5–6), uko, maererano netsika, vakamutaka nema-tombo akafa.

Bhuku raJeremia: Zvitsauko 1–6 zvine zviporofita zvakapihwa nguva dzekutonga kwaJosia. Zvitsauko 7–20 zviporofita munguva dzaJehoyakimi. Zvitsauko 21–38 zvinotaura nezvekutonga kwaZedekia. Zvitsauko 39–44 zvine zviporofita uye zvinotsanangura zvakaitika mushure mekupunzika

kweJerusarema. Chitsauko 45 chine chivimbiso kuna Baruki, munyori wake, kuti upenyu hwaBaruki hwai-zochengetedzwa. Pakupedzisira, zvitsauko 46–51 zviporofita pamusoro pemarudzi evatorwa. Chitsauko 52 kupedzisira kwenhoroondo. Zvimwe zvezviporofita zvaJeremia zvaive mumahwendefa esimbi aRabani akatorwa naNifai (1 Ni. 5:10–13). Jeremia anotaurwawo kaviri kose muBhuku raMormoni (1 Ni. 7:14; Hir. 8:20).

Bhuku raJeremia rinosanganisawo ruzivo rwekurarama kwemunhu upenyu huno husati hwavapo nokufanogadzwa kwaJeremia (Jer. 1:4–5); chiporofita chekudzoka kwaIsraeri kubva mukupararira kwavo, kuchikorodzwa mumwechete wemuguta nevaviri vemhuri kuZioni, nyika inofadza uko Israeri naJuda vangagare pasina chinovawana nemurunyaro (Jer. 3:12–19); nechiporofita chaIshe vachiunganidza Israeri kubva kunyika dzekumusoro nokutumira “varedzi” ne “vavhimi” vazhinji kunovatsvaga (Jer. 16:14–21). Ichi chiiitiko chemazuva ekupedzisira chichave chikuru mukue-ra kupfuura kana kuburitswa naMosesi kwaIsraeri kubva muEgipita (Jer. 16:13–15; 23:8).

JERI RECARHAGE (USA). *Onawo* Smith, Hyrum; Smith, Joseph, Mwana

Joseph naHyrum Smith vakapondwa nemhomho musu wa27 June muna 1844 kujeri muCarthage, Illinois, Munyika Dzakabatanidzwa dzeAmerica (D&Z 135).

JERI RELIBERTY, MISSOURI (USA). *Onawo* Smith, Joseph, Mwana

Kajeri kadiki umo muPorofita Joseph Smith nevamwe vakapfikirwa vasina mhosva kubva muna Mbudzi 1838 kusvika muna Chivabvu 1839. Vari mumatambudziko aya, Joseph akagashira zimve zvakazarurwa akapa zviporofita ndokutunhwa kuti anyore imwe tsamba inokosha kuvatendi,

ine zvimwe zvakasarudzwa zvikaiswa muDzidziso neZvibvumirano 121–123.

JERIKO

Guta rakavakirirwa nechidziro munhika yeJordan, nhano mazana masere pasi pegungwa. Jeriko iri pedyo nepanzvimbo apo pakayambuka napo vaIsraeri rwizi vachatanga kupinda munyika yechipikirwa (Josh. 2:1–3; 3:16; 6).

MaIsraeri akarwa hondo paJeriko, **Josh.** 6:1–20. Joshua akatuka Jeriko, **Josh.** 6:26 (I Madz. 16:34). Jeriko yakanga iri mudunhu raiva rapihwa kuna Benjamini, **Josh.** 18:11–12, 21. Ishe akashanyira Jeriko murwendo rwake rwekupedzisira kuJerusarema, **Marko** 10:46 (Ruka 18:35; 19:1).

JEROBOAMI

MuTestamente yaKare, Jeroboami aive mambo wekutanga werutivi rwekuchamhembe pakaganurana Israeri. Aive nhengo yerudzi rwaEfraimi. Jeroboami akanga akaipa akatungamira kupandukira imba yaJuda nemhuri yaDavidi.

Jeroboami akaisa zvimwari zvezvivezwa muDani neBeteri kuti vazvinamate, **I Madz.** 12:28–29. Ahija akatsiura Jeroboami, **I Madz.** 14:6–16. Jeroboami airangarirwa pamusana pekuunza chitadzo chinotyisa kuIsraeri, **I Madz.** 15:34 (I Madz. 12:30).

JERUBAARI. *Onawo* Gideoni (TESTAMENTE YAKARE)

Zita rakapihwa kuna Gideoni muTestamente yaKare mushure mekunge aparadza arita yaBaari (Vat. 6:32; 7:1; 9; I Sam. 12:11).

JERUSAREMA

Guta rinowanikwa muIsraeri yanhasi. Iguta rinokosha kwazvo murungano rwemumabhaibheri. Dzimwe dzenzvimbo dzinoera kwazvo kuma Kristu, maJuda, nemaMozirimu dziri muguta iri dzinoshanyirwa nguva dzose nevashinji vakavimbika vanodaira. Inotaurwa kazhinji seguta dzvene.

Raichimbozikanwa seSaremi (Gen. 14:18; Mpi. 76:2). Jerusarema raive guta remaJebusi kusvika ratorwa naDavidi (Josh. 10:1; 15:8; II Sam. 5:6–7), akariita muzinda wake. Kusvika zvino rakanga richishandiswa setsvingo yemugomo, zvingangoita zviuru zviziri zvine mazana matanhathu enhano pamusoro pegungwa. Rakakomberedzwa nemanhika dzakadzika mativi ose kunze kwekuchamhembe.

Munguva yekutonga kwaMambo Davidi muJerusarema, aigara mumuzimba wemapuranga. Zvisinei, munguva yekutonga kwaSoromoni, vanhu vakaita zvizhinji mukunakisa guta, zvichisanganisa kuvaka muzinda wamambo netemberi.

Mushure mekunge umambo hweIsraeri neJuda hwaparadzana, Jerusarema yakaramba iri guta guru reJuda. Yaigara ichirwiswa nemo auto evapambi (I Madz. 14:25; II Madz. 14:13; 16:5; 18–19; 24:10; 25). Pasi paHezekia, Jerusarema yakava muzinda wezvekunamata, asi chikamu chayo chakaparadzwa muna 320 Kristu asati azvarwa; 168 Kristu asati azvarwa na65 Kristu asati azvarwa. Herode akavakazve chidziro netembere, asi muna 70 Kristu azvarwa MaRoma vakaiparadza zvachose.

Merkizedeki aiva mambo weSaremi, **Gen.** 14:18 (VaH. 7:2). Isaya akashevedza Jerusarema kuti ipfeke nhumbi dzayo dzakachena, **Isa.** 52:1. Shoko ralshe raifanira kuuya kubva kuJerusarema, **Mika** 4:2. Kristu akashushikana nepfungwa nezvaizowira Jerusarema, **Mat.** 23:37–39 (Ruka 13:34). Jerusarema iguta raMwari vanorarama, **VaH.** 12:22. Jerusarema yaifanira kuparadzwa kana yaisazotendeuka, **1 Ni.** 1:4, 13, 18 (2 Ni. 1:4; Hir. 8:20). Jerusarema ichagarwazve mushure mekuperadzwa, **3 Ni.** 20:46. Jerusarema ichavakwa zvakare, **Eta** 13:5. Jesu akayambira Vatendi vaMazuva Ekupedzisira sekuyambira kwaakaita vanhu veJerusarema, **D&Z** 5:20. Avo veJuda vatizire kuJerusarema, **D&Z** 133:13. Ishe vachataura kubva kuJerusarema, **D&Z** 133:21.

JERUSAREMA IDZVA. *Onawo* Zioni

Nzvimbo iyo ichaungana Vatendi uye Kristu iye pachake achatonga navo munguva yeMereniamu. Zioni (Jerusarema Idzva) richavakwa munyika yeAmerica, uye pasi richavandudzirwa rigotambira kubwinya kwaro kweparadiso (Mis. yeCh. 1:10). Zvinotaurawo nezveguta idzva dzvene richauya pasi kubva kudanga mukutanga kweMereniamu.

Murau uchaenda uchibva muZioni, **Mika** 4:2. Zita reguta raMwari vangu ndijerusarema Idzva, **Zvaka**. 3:12. Johane akaona guta dzvene, Jerusarema Idzva, **Zvaka**. 21:1–5. Vanhu ava ndichavaisa munyika ino, ichave Jerusarema Idzva, **3 Ni**. 20:22. Jerusarema Idzva richavakwa muAmerica, **Eta**. 13:3–6, 10. Guta referusarema Idzva richagadzirwa, **D&Z** 42:9, 35, 62–69. Vatendi vanoungana vovaka Jerusarema Idzva, **D&Z** 45:63–75. Jerusarema Idzva richavakwa muMissouri, **D&Z** 84:1–5 (**D&Z** 57:1–3). Gwayana richamira paGomo reZioni nepamusoro peguta dzvene, Jerusarema Idzva, **D&Z** 133:56. Tabernakeri yangu ichadaidzwa kuti Zioni, Jerusarema Idzva, **Mos**. 7:62.

JESABERI. *Onawo* Ahabi

Mudzimai akange akaipa muTestamente yaKare aibva munyika yeFinisia. Aive mudzimai waAhabi (I Madz. 16:30–31), mambo weIsraeri akatonga apo Erija aiwe muporofita.

Kuwanikwa kwaJesaberi naAhabi, kupfuura chimwe chitiko chose, kwakakonzero kukoromoka kweumambo hwekuchamhembe hweIsraeri; Jesaberi akaunza kubva kunyika kwake mulraeri kunamata zvipfanidzo kwakaipa kwazvo munzvimbo yekunamata Jehova (I Madz. 18:13, 19).

Jesaberi akauraya vazhinji vevaporofita vaMwari, **I Madz**. 18:4. Jesaberi akadza kuuraya Erija, **I Madz**. 19:1–3. Huiipi hwaJesaberi hwakaguma nekufa kwake kunotyisa, **II Madz**. 9:30–37.

JESI. *Onawo* Davidi

MuTestamente yaKare, baba vaDavidi natateguru waKristu nemadzimambo ose aJuda.

Mwanakomana waRute, Obedi, aiva baba waJesi **Rute** 4:17, 22. Madzitateguru aJesi achiverengwa kudzokera kusvika kuna Juda, **I Mak**. 2:5–12 (**Mat**. 1:5–6).

JESU KRISTU. *Onawo* Akaberekwa;
Akanunurwa; Akazodzwa; Arfa naOmega; Asinagumi; Chiedza, Chiedza chaKristu; Chikomba; Chingwa cheUpenyu; Dangwe; Dombo renheyo; Dzikinura; Gorgota; Gwayana raMwari; Hana; Hurongwa hweRununuro; Ibw; Imanueri; Ishe; Jehova; Kukwira; Kumuka kuvakafa; Kupira; Kupunzika kwaAdama naEva; Kuregererwa kweZvitadzo; Kuroverwa; Kusandura—Kusandura kwaKristu; Kusika; Kuuya kwechipiri kwa Jesu Kristu; Mabhuku eVhangeri; Maria, Amai vaJesu; Mavambo; Mesia; Mharidzo paGomo; Muchinjikwa; Mufudzi akanaka; Mumiririri; Mununuri; Munnyaradzi; Muponesi; Muvenereri; Mvura yeUpenyu; Mwanakomana weMunhu; Mwari, Musoro wehuMwari; NDINI INI; Nyasha; Nyoka, Yesimbi; Nzira; Ropa; Rutendeuko; Rutendo; Sakaramende

Kristu (izwi rechiGiriki) na*Mesia* (izwi rechiHeberu) zvinoreva “akazodzwa.” Jesu Kristu ndiye Dangwe raBaba mumweya (VaH. 1:6; **D&Z** 93:21). Ndiye Mumwechete Akaberekwa waBaba munyama (Joh. 1:14; 3:16). Ndiye Jehova (**D&Z** 110:3–4) akafanogadzwa mukudaidzwa kwake kukuru-kuru kusati kwave nekusikwa kwenyika. Ari pasi pekutungamira kwaBaba, Jesu akasika nyika nezvose zviri pairi (Joh. 1:3, 14; **Mos**. 1:31–33). Akaberekwa

kuna Maria kuBetrehema, akagara upenyu husina chitadzo, uye akaitira rudzikinuro rwakakwana rwezvitema zveamarudzi ose nokudeura ropa rake nokupa upenyu hwake pamuchinjikwa (Mat. 2:1; 1 Ni. 11:13–33; 3 Ni. 27:13–16; D&Z 76:40–42). Akamuka kuvakafa, kuri kusimbisa kuzomuka kuvakafa kwevanhu vose. Kuburikidza nerudzikinuro rwaJesu nekumuka kuvakafa, avo vanotendeuka kuzvitadzo zvavo vachiteerera mirairo yaMwari vanogona kugara zvisingaperi naJesu naBaba (2 Ni. 9:10–12; 21–22; D&Z 76:50–53, 62).

Jesu Kristu ndiye mukuru-kuru kuvzarwa pano pasi. Upenyu hwake mufananidzo wakakwana wekuti marudzi evanhu akafanira kugara sei. Yose minamato, maropafadzo, nezvisungo zvehupirisita zvakafanira kuitwa mwizita rake. Ndivo Ishe vemadzishe, Mambo vemadzimambo, Musiki, Muponesi, naMwari wepasi pose.

Jesu Kristu achauya zvakare musimba nokubwinya kuzotonga panyika munguva yeMeremiamu. Pazuva rekupedzisira, achatonga marudzi ose (Aru. 11:40–41; JS—Mat. 1).

Pfupiso yeupenyu hwake (zvichitevedza maitikiro azvo): Kuzvarwa kwa Jesu nebasa rake zvakafanotaurwa, **Ruka** 1:26–38 (Isa. 7:14; 9:6–7; 1 Ni. 11). Akazvarwa, **Ruka** 2:1–7 (Mat. 1:18–25). Akadzingswa, **Ruka** 2:21. Akapirwa kutemberi, **Ruka** 2:22–38. Akashanyirwa nevarume vakangwara, **Mat.** 2:1–12. Josefa naMaria vakatizira naye kuEgipita, **Mat.** 2:13–18. Akaunzwa kuNazareta, **Mat.** 2:19–23. Akashanyira temberi ane makore gumi nemaviri, **Ruka** 2:41–50. Aive nevanini'na nehanzvadzi, **Mat.** 13:55–56 (Marko 6:3). Akabhabhatidzwa, **Mat.** 3:13–17 (Marko 1:9–11; Ruka 3:21–22). Akayedzwa nadhiabhorosi, **Mat.** 4:1–11 (Marko 1:12–13; Ruka 4:1–13). Akadaidza vadzidzi vake, **Mat.** 4:18–22 (Mat. 9:9; Marko 1:16–20; 2:13–14; Ruka 5:1–11, 27–28; 6:12–16; Joh. 1:35–51). Akapa simba kune vaneGumi neVaviri, **Mat.** 10:1–4 (Marko 3:13–19;

Ruka 6:12–16). Akapa Mharidzo yepaGomo, **Mat.** 5–7. Akafanotaura nezverufu rwake nekumuka kuvakafa kwake, **Mat.** 16:21 (Mat. 17:22–23; 20:17–19; Marko 8:31; 9:30–32; 10:32–34; Ruka 9:22; 18:31–34). Akashanduka, **Mat.** 17:1–9 (Marko 9:2–8; Ruka 9:28–36). Akatuma vemakumi manomwe, **Ruka** 10:1–20. Kupinda kwake kunembiri muJerusarema, **Mat.** 21:1–11 (Marko 11:1–11; Ruka 19:29–40; Joh. 12:12–15). Akatangisa sakaramende, **Mat.** 26:26–29 (Marko 14:22–25; Ruka 22:19–20). Akatambudzika akanamata muGetsemani, **Mat.** 26:36–46 (Marko 14:32–42; Ruka 22:39–46). Akatengeswa, akasungwa, uye akarambwa, **Mat.** 26:47–56 (Marko 14:43–53; Ruka 22:47–54; Joh. 18:2–13). Akaroverwa, **Mat.** 27:31–54 (Marko 15:20–41; Ruka 23:26–28, 32–49; Joh. 19:16–30). Akamuka kuvakafa, **Mat.** 28:1–8 (Marko 16:1–8; Ruka 24:1–12; Joh. 20:1–10). Akazviratidza mushure mecumuka kwake, **Mat.** 28:9–20 (Marko 16:9–18; Ruka 24:13–48; Joh. 20:11–31; Mabasa 1:3–8; I VaKori. 15:5–8). Akakwira kudenga, **Marko** 16:19–20 (Ruka 24:51–53; Mabasa 1:9–12). Akazviratidza kumaNifai, **3 Ni.** 11:1–17 (3 Ni. 11–26). Akazviratidza kuna Joseph Smith, **Nh—JS** 1:15–20.

Mwumo: Hurumende ichave pamapfudzi ake, **Isa.** 9:6 (2 Ni. 19:6). Jesu akadzidzisa semunhu anesimba, **Mat.** 7:28–29 (Marko 1:22). Mwanakomana wemunhu anesimba pasi pano rekuregerera zvitadzo, **Mat.** 9:6. Jesu akaraira mweya isina kuchena nesimba ikamuteerera, **Marko** 1:27 (Ruka 4:33–36). Jesu akaraira gumi nevaviri kuti vave nesimba, **Marko** 3:14–15. Izwi raJesu raive nesimba, **Ruka** 4:32. Baba vakaisa kutonga kwose kuMwanakomana, **Joh.** 5:22, 27. Mwari akazodza Jesu neMweya Mutsvene nesimba, **Mabasa** 10:38. Kristu akafanogadzwa hwaro hwenyika husati hwavepo, **I Pet.** 1:20. (Eta 3:14). Kristu ane kiyi dzegehena nedzerufu, **Zvaka.** 1:18. Vose vanhu vanove pasi paKristu, **2 Ni.** 9:5. Jesu Kristu, Mwanakomana

waMwari, ndiye Baba wedenga nepasi, Musiki wezvinhu zvose kubvira pakutanga, **Hir.** 14:12. Kristu akauya nechido chaBaba kuti azoita chido chavo, **D&Z** 19:24. Jesu akagashira kubwinya kwakazara kwaBaba, uye akagashira simba rose, **D&Z** 93:3–4, 16–17 (Joh. 3:35–36).

Muyenzaniso waJesu Kristu: Ndakakupai muyenzaniso, **Joh.** 13:15. Ndini nzira, chokwadi, neupenyu, **Joh.** 14:6. Kristu akatitambudzikirawo, achitisiira yenzaniso, kuti titevedze tsoka dzake, **I Pet.** 2:21. Kunze kwekunge munhu atevadza muyenzaniso weMwanakomana waMwari mupenyu, haangaponeswe, **2 Ni.** 31:16. Ndinodisa kuti dai mave makawana sezvandiri ini, **3 Ni.** 12:48. Izvi ndozvamakafanira kugara muchicherechedza kuita, kana sezvandakaita, **3 Ni.** 18:6. Ndakakuisirai muyenzaniso, **3 Ni.** 18:16. Mabasa amakaona ndichiita iwayo ndoamuchaitawo, **3 Ni.** 27:21, 27. Vateveri chechokwadi vaJesu Kristu vachaita saiye, **Moro.** 7:48.

Kubwinya kwaJesu Kristu: Kubwinya kwaIshe kwakazadza tabernakeri, **Eks.** 40:34–38. Pasi rose rizere nokubwinya kwake, **Isa.** 6:3 (2 Ni. 16:3). Kubwinya kwaishe kwabuda pamuri, **Isa.** 60:1–2. Mwanakomana wemunhu achauya mukubwinya kwaBaba vake, **Mat.** 16:27. Ndirumbidzei imi norukudzo rwandaive narwo nemi nyika isati yavepo, **Joh.** 17:5. Mutsvene weIsraeri akafanira kutonga nokubwinya kukuru, **1 Ni.** 22:24. Taive netariro mukubwinya kwake, **Jak.** 4:4. Mwanakomana vaMwari anouya mukubwinya kwake, **Aru.** 5:50. Akataura zvose zvinhu, kubvira pakutanga kusvika pakuyya mukubwinya kwake, **3 Ni.** 26:3. Vaapositori vangu vachamira vakapfekedzwa mukubwinya kana sezvandakaita, **D&Z** 29:12 (D&Z 45:44). Taikaona kubwinya kweMwanakomana, arikuruvoko rwerudyi rwaBaba, **D&Z** 76:19–23. Johane akaona uye akapupura kuzara kwekubwinya kwangu, **D&Z** 93:6 (Joh. 1:14). Chiso chake cha-

kapenya kupfuura kupenya kwezvava, **D&Z** 110:3. Kubwinya kwake kwaive pandiri, uye ndikaona kumeso kwake, **Mos.** 1:1–11. Iri ndiro basa rangu nokubwinya kwangu, **Mos.** 1:39.

Mukuru weChechi: Kristu ndiye mukuru weChechi, **VaE.** 5:23 (VaE. 1:22; 4:15). Ndiye musoro wemuviri, Chechi, **VaKoro** 1:18. Iyi iChechi yangu, **Mosaya** 26:22 (Mosaya 27:13). Kristu ndiye aive munyori nemupedzi werutendo rwavo, **Moro.** 6:1–4. Chechi yino ndini ndaimisa, **D&Z** 33:5 (3 Ni. 27:3–8).

Mutongi: Achatonga nyika mukururama, **Mpi.** 9:8 (3 Ni. 27:16). Anouya kutotonga pasi, **Mpi.** 96:13. Mwari achatonga vakarurama nevakaipa, **Mpa.** 3:17. Achatonga pakati pamarudzi, **Isa.** 2:4 (Mika 4:3; 2 Ni. 12:4). Nokururama achatonga varombo, **Isa.** 11:2–4. Baba vakaisa kutonga kwose kune Mwanakomana, **Joh.** 5:22. Kana ndikatonga, kutonga kwangu ndekwechokwadi, **Joh.** 8:16. Akagadzwa naMwari kuti ave Mutongi wevapanyu nevakafa, **Mabasa** 10:42 (II Tim. 4:1). Mwari vachatonga zvakananda zvevanhu naJesu Kristu, **VaR.** 2:16. Tichamira tose pamberi pechigaro chekutonga chaKristu, **VaR.** 14:10 (II VaKori. 5:10; Aru. 12:12; Morm. 3:20; 7:6; Eta 12:38; D&Z 135:5). Vose vanhu vanouya kuna Mwari kuti vazotongwa naye maererano nechokwadi nehutsvene huri maari, **2 Ni.** 2:10. Mirai pamberi paMwari kuti mutongwe maererano nezviito, **Aru.** 5:15 (Aru. 12:15; 33:22; 3 Ni. 27:14). Mwari naKristu ndivo vatongi vezvose, **D&Z** 76:68.

Kutonga paMereniari kwaKristu: Huru-mende ichave papfudzi rake, **Isa.** 9:6 (2 Ni. 19:6). Ndishagara pakati penyuru, vanodaro Ishe, **Zek.** 2:10–12 (Zek. 14:9). Mwari vachapa kuna Jesu ngundu yababa vake Davidi, **Ruka** 1:30–33. Kristu achatonga nariinhi nariinhi, **Zvaka.** 11:15. Vatendi vachatonga naKristu kwemakore chiuru, **Zvaka.** 20:4 (D&Z 76:63). Pamusana pekururama kwevanhu, Satani haazove nesimba,

1 Ni. 22:26 (Zvaka. 20:1–3). Ndhichagara mukururama nevanhu pasi kwechiuru chemakore, **D&Z** 29:11 (D&Z 43:29–30). Ivai pasi pemasimba aripo, kudakara ave kutonga uyo ane mvumo yekutonga, **D&Z** 58:22 (I VaKori. 15:25). Kristu achatonga pachake pamusoro penyika, **Mis. yeCh.** 1:10 (Isa. 32:1).

Kuwonekwa kwaKristu mushure mekufa: Jesu paakamuka, akazviratidza kutanga kuna Maria, **Marko** 16:9 (Joh. 20:11–18). Jesu akafamba uye akataura nevadzidzi vaviri munzira yeku-Emausi, **Ruka** 24:13–34. Jesu akazviratidza kuVaapositori, vakanzwa maoko netsoka dzake, **Ruka** 24:36–43 (Joh. 20:19–20). Jesu akazviratidza kuna Tomasi, **Joh.** 20:24–29. Jesu akazviratidza kuvadzidzi kugungwa reTiberiasi, **Joh.** 21:1–14. Jesu akadzidzisa kwe makumi mana emazuva mushure mekumuka kwake kuvakafa, **Mabasa** 1:2–3. Stefano akaona Jesu amire kuruoko rwerudyi rwaMwari, **Mabasa** 7:55–56. Jesu akazviratidza kuna Sauro, **Mabasa** 9:1–8 (DJS, Mabasa 9:7; Mabasa 26:9–17). Kristu akaonekwa nevanhu vanopfuura mazana mashanu, **I VaKori.** 15:3–8. Jesu Kristu akazviratidza kuvanhu vaNifai, **3 Ni.** 11:1–17. Zviuru zviviri nemazana mashanu evanhu vakaona uye vakanzwa Jesu, **3 Ni.** 17:16–25. Mormoni akashanyirwa naIshe, **Morm.** 1:15. Josefa Smith naSidney Rigdon vakaona Jesu ari kurudyi rwaMwari, **D&Z** 76:22–23. Joseph Smith naOliver Cowdery vakaona Ishe muTemberu yeKirtland, **D&Z** 110:1–4. Joseph Smith akaona Jesu ari kurudyi rwaMwari, **Nh—JS** 1:15–17.

Kurarama kwaKristu Asati Azvarwa paNyama: Ishe akazviratidza kuna Abraha, **Gen.** 12:7 (Gen. 17:1; 18:1; Abr. 2:6–8). Ishe vakataura naMosesi vakatarisana, **Eks.** 33:11 (Deut. 34:10; Mos. 1:1–2). Ndakaona Ishe vakamira paarita, **Amosi** 9:1. Mukutanga, izwi raive naMwari. Uye izwi rakaitwa nyama, uye rikagara pakati pedu, **Joh.** 1:1, 14 (I Joh. 1:1–3). Asati avepo Abrahamu, Ndini, **Joh.** 8:58. Ndirumbidzei ini

nerukudzo rwandaive narwo nemi kusati kwave nyenika, **Joh.** 17:5. Isaya chokwadi akaona Mununuri wangu seni nemukoma wangu Jakobho takamuona, **2 Ni.** 11:2–3. Ramangwana ndinouya munyika, **3 Ni.** 1:12–14. Kristu aivepo nyika isati yatanga, **3 Ni.** 26:5 (Joh. 6:62). Sekuzviratidza kwandinoita kwamuri ndiko kuzviratidza kwandinoita kuvanhu vangu munyama, **Eta** 3:14–17. Enoki akaona Ishe uye akafamba naye, **D&Z** 107:48–49. Mwanakomana wangu Andinoda, akanga ari Mudiwa wangu uye Akasarudzwa kubvira pakutanga, **Mos.** 4:2. Ishe vakati: Ndotuma ani? Uye mumwe akapindura seMwanakomana weMunhu: Ndiri pano, nditumei, **Abr.** 3:27.

Zviporofita nezvekuzvarwa uye nerufu rwaJesu Kristu: Mhandara ichabata pamuviri uye igobereka mwana mukomana, **Isa.** 7:14 (1 Ni. 11:13–20). MuBetrehema muchabuda mutongi muIsraeri, **Mika** 5:2. Samueri muRamani akaporofita zuva, husiku, uye nezuva rechiedza; nyenyedzi itsva; nezvimwe zviratidzo, **Hir.** 14:2–6. Samueri muRamani akaporofita rima, kudhirima nemheni, nokundengendeka kwepasi, **Hir.** 14:20–27. Zviratidzo zvekuzvarwa kwaJesu zvakazadzikiswa, **3 Ni.** 1:15–21. Zviratidzo zvekufa kwaJesu zvakazadzikiswa, **3 Ni.** 8:5–23.

Kutora Zita raJesu Kristu paTiri: Hakuna rimwe zita kwatingaponiswe, **Mabasa** 4:12 (2 Ni. 31:21). Vaapositori vakafara kuti vakavengwa vakakodzera kutukurwa zita rake, **Mabasa** 5:38–42. Uyu ndiwo murairo wake, Kuti takafanira kudaira muzita reMwanakomana wake Jesu Kristu, **I Joh.** 3:23. Pupurai kuti munoda kutora pamuri zita raKristu nokubhabhatidzwa, **2 Ni.** 31:13. Ndinodisa kuti dai matora pamuri zita raKristu, **Mosaya** 5:6–12 (Mosaya 1:11). Ani zvake akanga achida kutora pavari zita raKristu vakabatana neChechi yaMwari, **Mosaya** 25:23. Avo vose vakanga vari vatendi vechokwadi muna Kristu vakatora pavari zita raKristu, **Aru.** 46:15. Suwo rekudenga

rakazuruka kune avo vanoda kudaira muzita raJesu Kristu, **Hir.** 3:28. Akaropafadzwa uyo anowanika akatenda kuzita rangu pazuva rekupedzisira, **Eta** 4:19. Vanoda kutora pavari zita reMwanakomana, **Moro.** 4:3. (D&Z 20:77). Torai pamuri zita raKristu, **D&Z** 18:21–25.

Uchapupu hwakaitwa nezvaJesu Kristu: Pauro akapupura kuti Jesu ndiye Kristu, **Mabasa** 18:5. Kana mweya yakapupura kuti inoziva Jesu, **Mabasa** 19:15. Hakuna munhu angagone kuti Jesu ndiIshe kunze kwekuburikidza neMweya Mutsvene, **I VaKori.** 12:3. Rose ibvi richapfugama uye rose rurimi ruchareurura kuti Jesu Kristu ndiIshe, **VaF.** 2:10–11. Tinotaura nezvaKristu, tinofara muna Kristu, tinoparidza nezvaKristu, tinoporofita nezvaKristu, **2 Ni.** 25:26. Bhuku raMormoni nderekupwisa muJuda nemujentairi kuti Jesu ndiye Kristu, **2 Ni.** 26:12 (Peji yeMusoro wenya weBhuku raMormoni). Maporofita nemagwaro matsvene vanopupura nezvaKristu, **Jak.** 7:11, 19. Tsvagai Jesu uyu uyo akanyorwa nezvake nemaporofita nevaapostori, **Eta** 12:41. Takamuona uye tikanzwa izwi richipupura kuti Ndiye Mumwechete Akaberekwa, **D&Z** 76:20–24. Uhwu ndihwo upenyu hwokusingaperi—kuziva Mwari naJesu Kristu, **D&Z** 132:24. Tinodaira muna Mwari Vokusingaperi Baba, neMwanakomana Wavo, Jesu Kristu, **Mis. yeCh.** 1:1. Tinodaira kuti Kristu aчатonga iye pachake pano pasi, **Mis. yeCh.** 1:10.

Marudzi kana mucherechedzo waKristu: Aberi akapira matangwe ezvipfuwo zvake, **Gen.** 4:4 (Mos. 5:20). Tora mwanakomana wako mumwechete Isaka, umupire semupiro, **Gen.** 22:1–13 (Jak. 4:5). Ishe vakataurira vana vaIsraeri kuti vapire hwayana dzisina chisoro, **Eks.** 12:5, 21, 46 (Num. 9:12; Joh. 1:29; 19:33; I Pet. 1:19; Zvaka. 5:6). Ichi ndicho chingwa chamapihwa naIshe kuti mudyeye, **Eks.** 16:2–15. (Joh. 6:51). Rova dombo, uye muchabuda mvura mariri, kuti vanhu vagonwa, **Eks.** 17:6 (Joh.

4:6–14; I VaKori. 10:1–4). Mbudzi ichtakura pairi zvose zvitadzo zvavo, **Rev.** 16:20–22 (Isa. 53:11; Mosaya 14:11; 15:6–9). Mosesi akasimudza nyoka yesimbi kuponesa avo vanoitarisa, **Num.** 21:8–9 (Joh. 3:14–15; Aru. 33:19; Hir. 8:14–15). Jona akanga ari mudumbu mehove mazuva matatu, **Jona** 1:17 (Mat. 12:40). Ichi chinhu chifananidzo chekuzvipira kweMumwechete Akaberekwa waBaba, **Mos.** 5:4–8.

JETERO. *Onawo* Mosesi

MuTestamente yaKare mwanakomana wejinda nemupirisita weMidiani akapa Mosesi musha mushure mekunge Mosesi atiza kubva Egipita. Anodaidzwa kunzi Rueri (Eks. 2:18). Mosesi akazoroora mwanasikana waJetero Zipora (Eks. 3:1; 4:18; 18:1–12). Jetero akadzidzisa Mosesi kupa vamwe hutariri (Eks. 18:13–27). Mosesi akagashira Hupirisita hwaMerkizedeki kubva kuna Jetero (D&Z 84:6–7).

JOBŌ

MuTestamente yaKare, murume akarurama uyo akanetswa nematambudziko asingaitike asi akaramba aiine rutendo murudairo rwake munaMwari. Rungano rwake rwunotaurwa mubhuku raJobo.

Bhuku raJobo: Kana dai zvazvo bhuku iri riri maerero nokutambudzika kwaJobo, haripindure zvose pamubvunzo wekuti sei Jobo (kana ani zvake) achifanira kubvuma kurwadziwa nokurasikirwa nemhuri yake nemidziyo. Bhuku rinoisa pachena kuti kuwana matambudziko hazvigaro reva kuti munhu aita chitadzo. Ishe angashandise dambudziko kupa ruzivo, kudzidzisa, uye kuraira nokuranga (D&Z 122).

Bhuku iri rinogona kupatsanurwa muzvikamu zvina. Zvitsauko 1–2 zvinosuma rungano. Zvitsauko 3–31 zvinotsanangura mitsetse yehurukuro pakati paJobo neshamwari nhatu. Zvitsauko 32–37 zvine mazwi aErihu, shamwari yechina, anoshora Jobo nezvikonzero zvisiri zvikonzero zvesha-

mwari nhatu dzekutanga. Zvitsauko 38–42 zvinopedzisa bhuku nekusimbisa Jobo kuti nzira yake muupenyu yakanga yakanaka kubvira pakutanga.

Bhuku rajobo rinodzidzisa kuti kana munhu aine ruzivo chairwo rwaMwari uye achigara upenyu hunobvumwa naMwari, anove anokwanisa kushingirira zviri nani matambudziko anouya paari. Rutendo rwaJobo rwusingapuzike rwunoratidzwa nekutaura kokuti, “Kana dai akandiuraya, asi ndinongovimba naye” (Jobo 13:15). Jobo anaturawo munaEzekieri 14:14; Jakobo 5:11; Dzidziso neZvibvumirano 121:10.

JOERE

Muporofita munyika yaJuda muTestamente yaKare. Nguva dzeupenyu hwake hadzinyatsozikanwa—angangove akagara dzimwe nguva pakati pekutonga kwaJoashi, 850 Kristu asati azvarwa, asati asvika, nokudzoka kwerrudzi rwaJuda kubva muhusungwa kuBabironi.

Bhuku raJoere: Bhuku iri rinonyanyo nanga pakati pechiporofita chakaitwa naJoere mushure mekunge nyika yaJuda yarohwa nekushaikwa kwemvura kwakaipa nemhashu (Joere 1:4–20). Joere akasimbisa vanhu kuti kuburikidza nokutendeuka vaizotambira zvakare maropafadzo aMwari (Joere 2:12–14).

Chitsauko 1 chinodaizira kuungana nerukudzo mumba yaIshe. Chitsauko 2 chinotaura nezvehondo nokuparara kunouya kusati kwave neMereniamu. Chitsauko 3 chinotaura nezvemazuva ekupedzisira nokutsinhira kuti ose marudzi achange achirwisana asi kuti pamberi apo Ishe achagara muZioni.

Petro akataura chiporofita chaJoere chekudururwa kweMweya pazuva rePentekosta (Joere 2:28–32; Mabasa 2:16–21). Ngirozi Moronai naiyewo akataura mazwi mamwecheteo kuna Joseph Smith (Nh—JS 1:41).

JOHANE MUBAPATIDZI. *Onawo*

Eria; Hupirisita hwaAroni

Mwanakomana waZakaria naErisabete

muTestamente Itsva. Johane akatumwa kuti agadziridze vanhu kuti vagashire Mesia (Joh. 1:19–27). Akanga akabata makiyi eHupirisita hwaAroni uye akabhabhatidza Jesu Kristu.

Isaya nevamwe vakaporofita nezve basa rajohane, Isa. 40:3 (Mara. 3:1; 1 Ni. 10:7–10; 2 Ni. 31:4). Akaiswa mutirongo akadimurwa musoro, Mat. 14:3–12 (Marko 6:17–29). Gabrieli akataura kuzvarwa kwaJohane nebaso kuna Zakaria, Ruka 1:5–25. Jesu akadzidzisa kuti Johane Mubapatidzi aive muporofita mukuru, Ruka 7:24–28. Akaziva Jesu seMwanakomana waMwari, Joh. 1:29–34. Vadzidzi vaJohane vakave vadzidzi vaJesu, Joh. 1:25–29, 35–42 (Mabasa 1:21–22). Haana kumboita chishamiso, Joh. 10:41. Semunhu akanga amutswa kuvakafa akatumwa kunogadza Joseph Smith naOliver Cowdery kuHupirisita hwaAroni, D&Z 13 (27:7–8; Nh—JS 1:68–72). Akagadzwa nengirozi aine mazuva masere ekuberekwa, D&Z 84:28.

JOHANE, MWANAKOMANA

WAZEBEDI. *Onawo* Hupirisita hwaMerkizedeki; Mabhuku evhangeri; Muapostori; Vanhu vakapindurwa; Zvakazururwa zvaJohane

Mumwe weVaapostori vaneGumi neVaviri muTestamente Itsva, mwanakomana waZebedi, uye mukoma waJakobo. Muupenyu hwake hwekutanga aive murauri wehove (Marko 1:17–20). Angangove iye asina kutaurwa nezita mudzidzi waJohane Mubapatidzi anaturwa munaJohane 1:40. Mushure akagashira shoko rekuti ave mudzidzi waJesu Kristu (Mat. 4:21–22; Ruka 5:1–11). Akanyora Vhangeri rajohane, magwaro matatu, nebhuku reZvakazarurwa. Aive mumwe wevatatu vaive naIshe pakumutswa kwemwanasikana waJairoso (Marko 5:35–42), paGomo reKushandurwa (Mat. 17:1–9), nekuGetsemani (Mat. 26:36–46). Muzvinyorwa zvake anozvitaura iye pachake semudzidzi uyo aidiwa naJesu (Joh. 13:23; 21:20)

se “mumwe mudzidzi” (Joh. 20:2–8). Jesu akamudaidzawo nemunin’ina wake Boanergesi, “vana vemabhana-na’na” (Marko 3:17). Kune kutaurwa nguva nenguva nezvake mukurondezwerwa kwekuroverwa nokumuka kuvakafa (Ruka 22:8; Joh. 18:15; 19:26–27; 20:2–8; 21:1–2). Johane mushure akatandanisirwa kuPatmosi, uko kwakanonyora bhuku reZvakazarurwa (Zvaka. 1:9).

Johane anotaurwa nguva nenguva mune zvakazarurwa zvemazuva ekupedzisira (1 Ni. 14:18–27; 3 Ni. 28:6; Eta 4:16; D&Z 7; 27:12; 61:14; 77; 88:141). Miganhu iyi inotsinhira zvinyorwa zvemubhaibheri zvaJohane nokutipawo kuona hukuru hwake nokukosha kwebasa raakapihwa naIshe kuti aite pano pasi munguva dzeTestamente Itsva nemumazuva ekupedzisira. Magwaro matsvene emazuva ekupedzisira anoisa pachena kuti Johane haana kufa asi akabvumirwa kusara ari panyika uye semuranda anoshanda kudakara panguva yekuuya kechipiri kwaIshe (Joh. 21:20–23; 3 Ni. 28:6–7; D&Z 7).

Rugwaro rwaJohane: Kana dai zvazvo munyori wetsamba nhату idzi asingazvitaure nezita, mutauru wacho uofanana zvine simba newaJohane Muapostitori zvekuti anofungidzirwa kuti ndiye akanyora dzose dziri nhату.

I Johane 1 anoyambira Vatendi kuti vawane kuwadzana naMwari. Chitsauko 2 chinosisimbisa kuti Vatendi vazive Mwari nokuterera nokuvadzidzisa kuti vasade nyika. Chitsauko 3 chinodaidza vose kuti vave vana vaMwari nokudana. Chitsauko 4 chinotsanangura kuti Mwari rudo anogara mune avo vanomuda. Chitsauko 5 chinotsanangura kuti Vatendi vanoberekwa naMwari mukudaira kwavo muna Kristu.

II Johane yakafanana naI Johane. Mairi Johane anofara pamusana pekuvimbika kwevana ve “mudzimai akasarudzwa.”

III Johane anorumbidza munhu anonzi Gayo pamusana pekuvimbika

kwake neruyamuro kune avo vanoda chokwadi.

Vhangeri raJohane: Mubhuku iri remu-Testamente Itsva, Johane Muapostitori anopupura kuti (1) Jesu ndiye Kristu kana Mesia, uye (2) Jesu Mwanakomana waMwari (Joh. 20:31). Zvinhu zvaanotsanangura kubva muupenyu hwaJesu zvinonyatsosarudzwa uye zvorongwa nechinangwa ichi. Bhuku iri rinotangisa nekutaura nezvaKristu muupenyu hwakatanga hwenyama husati hwavepo: aive naMwari, aive Mwari, uye aive musiki wezvinhu zvose. Akazvarwa munyama seMwanakomana Mumwechete Akaberekwa waBaba. Johane anotevedza nzira yemharidzo yaJesu, achitaura zvikuru nohutsvene hwake nekumuka kwake kuvakafa. Anotsinhira pachena kuti Jesu Mwanakomana waMwari, anopupurirwa nezvishamiso, nevapupuri, nevaporofofito, nezwi raKristu pacharo. Johane anodzidzisa nekuenzanisa chiedza nerima, chokwadi nekukanganisa, chakanaka nechakai-pa, Mwari nadhiabhorosi. Zvingango daro kuti hakuna zvimwe zvinyorwa zvinotaura hutsvene hwaJesu nokuvimbika kwevatongi vemaJuda zviripachena kudai.

Johane akanyora zvikuru pamusoro pebasa raKristu muJuda, kunyanya chechi yekupedzisira yekushanda kwake panyama, asi Mateo, Marko, naRuka vakanyora zvikuru kuru nezvebasa rake muGarirea. Zvizhinji kubva muvhangeri rino zvakaiswa pachena nezvakazarurwa zvemazuva ekupedzisira (D&Z 7 ne D&Z 88:138–141).

Kutsananguro pfupi yezvitsauko, tarisai *Vhangeri*.

Bhuku reZvakazarurwa: Ona Zvakazarurwa zvaJohane

JOKI. Onawo Mudzidzi

Chinhu chinosiswa mumutsipa memhuka kana vanhu kuti vabopwe pamwechete. Joki raKristu rupawo rweudzidzi, asi joki reusungwa rupawo rweudzvinyiriri.

Joki rangu rakareruka, uye mutoro wangu wakareruka, **Mat.** 11:29–30. Musabopwe pamwechete musina kuenzana nevanhu vasingatende, **II VaKori.** 6:14. Musapingirishwe nejoki reusingwa, **VaG.** 5:1. Zve hatidi kuunza ani zvake kujoki reusingwa, **Aru.** 44:2. Kutambudzika kweVatendi ijoki resimbi, banhire rakasimba, nengetani dzegehena, **D&Z** 123:1–3, 7–8.

JONA. *Onawo* Ninive

Muporofita wemuTestamente yaKare uyo akadaidzwa naIshe kuti aparidze kutendeuka kuguta reNinive (Jona 1:1–2).

Bhuku raJona: Bhuku riri muTestamente yaKare iro rinotaura nezvakaonekwa muupenyu hwaJona. Zvimwe Jona haana kunyora bhuku iri pachake. Pfungwa huru mubhuku raJona ndeyekuti Jehova anotonga kwose uye haaise rudo rwake kurudzi rwuwechete kana vanhu.

Muchitsauko 1, Ishe vakadaidza Jona kuti aparidze kuNinive. Panzvimbo yekuti aite sezvakanga zvataurwa naIshe, Jona akatiza nengarava uye akamedzwa nezihove ziguru. Muchitsauko 2, Jona akanamata kuna Ishe, uye hove ikarutsira Jona kunze pavhu rakaoma. Chitsauko 3 inoti Jona akaenda kuNinive akanoporofita pamusoro pekuparara kwayo. Zvisinei vakatendeuka. Muchitsauko 4, Ishe vakatsiura Jona pamusana pekuti akashatirwa kuti Ishe vakaponesa vanhu.

Jesu akadzidzisa kuti kumedzwa kwa Jona nehove kwakayamura kufanoratidza kufa kwaJesu nekumuka kuvakafa (Mat. 12:39–40; 16:4; Ruka 11:29–30).

JONATANI. *Onawo* Davidi; Sauro, Mambo weIsraeri

MuTestamente yaKare, mwanakomana waSauro, mambo weIsraeri. Jonatani aive shamwari yepedyo yaDavidi (I Sam. 13–23, 31).

JOSEFA WEARIMATEA

Josefa weArimatea akanga ari nhengo

yeSanihederini, mudzidzi waKristu, uye ari mupfumi ari muIsraeri akatendeka uyo asina chaakamboita chekushora Ishe wedu. Mushure mekuroverwa, Josefa akaita kuti muviri weMuponesi uputirwe mujira rakachena uye ndokuradzikwa muguva raJosefa pachake rainge bako, (Mat. 27:57–60; Marko 15:43–46; Ruka 23:50–53; Joh. 19:38–42).

JOSEFA, MURUME WAMARIA.

Onawo Jesu Kristu; Maria, Amai vajesu

Murume waMaria, amai vajesu. Josefa aiva chizukuru chaDavidi (Mat. 1:1–16; Ruka 3:23–38) uye aigara muNazareta. Akanga akavimbisana naMaria. Chinguva chidikiidiki vasati vachata, Maria akatambira kushanyirwa kubva kungirozi Gabrieri, iyo yakataura kuti Maria akanga asarudzwa kuti ave amai veMuponesi (Ruka 1:26–35). Josefa akatambirawo zvakazarurwa nezvekuzvarwa kutsvene uku (Mat. 1:20–25).

Maria aiva iye chete mubereki waJesu pano pasi nokuti Mwari Baba ndivo baba vajesu. Asi maJuda vaifunga kuti Josefa ndiye baba vajesu, uye Jesu aimubatawo saizvozvo (Ruka 2:48, 51). Ayambirwa nehope dzekudenga, Josefa akachengetedza karusvava Jesu nokutizira kuEgipita (Mat. 2:13–14). Mushure mekunge Herode afa, ngirozi yakaturira Josefa kuti atore Kristu mwana adzokere kuIsraeri (Mat. 2:19–23).

JOSEFA, MWANAKOMANA

WAJAKOBO. *Onawo* Israeri;

Jakobo, Mwanakomana waIsaka

MuTestamente yaKare, mwanakomana dangwe raJakobo naRakeri (Gen. 30:22–24; 37:3)

Josefa akawana hudangwe muIsraeri nokuti Rubeni, dangwe remudzimai wekutanga waJakobo, akarasikirwa nechinzvimbo ichi pamusana pekutadza (I Mak. 5:1–2). Nokuti akanga akakodzera, Josefa, sedangwe remukadzi wechipiri waJakobo, ndiye aitevera mumutsetse wemaropafadzo Josefa akagashirawo maropafadzo

kubva kuna baba vake chinguva chidiki Jakobo asati afa (Gen. 49:22–26).

Josefa aive murume aive nehunhu hunotyisa, munhu “anozvibata uye akachenjera” (Gen. 41:39). Kuramba kwake mudzimai waPotifari mufananidzo werutendo, kuzvibata, nokuve munhu akatwasanuka (Gen. 39:7–12). MuEgipita, apo Josefa akaburitsa pachena kuti ndiyeani kuvakoma vake, akavatenda kunze kwekuti avashore pamusana pekumubata kwavakanga vaita. Akadaira kuti zviito zvavo zvakayamurira kuti kuda kutsvene kwaMwari kuitwe (Gen. 45:4–15).

Zvakazarurwa zvemazuva ekupe-dzisira zvinoratidza basa rakatokura remhuri yaJosefa mumazuva ekupe-dzisira (2 Ni. 3:3–24; 3 Ni. 20:25–27; DJS, Gen. 50).

Jakobo aida Josefa zvakanyanya uye akamupa bhattyi remavara akawanda, **Gen. 37:3**. Pamusana peshanje vakoma vaJosefa vakavamba kumuvenga uye vakarangana kuti vamuuraye, asi vakazomutengesa kuvashambadzi, avo vakanga vari munzira yavo kuenda kuEgipita, **Gen. 37:5–36**. MuEgipita, Ishe vakapa kubudirira kuna Josefa uye akave mutongi mumba maPotifari, **Gen. 39:1–4**. Mukadzi waPotifari akareva manyepo, achiti Josefa akanga aye-dza kumubata; Josefa akasungwa zvisiri izvo uye akaiswa mutirongo, **Gen. 39:7–20**. Josefa akadudzira hope dzemuranda mukuru nemubiki wechingwa waFaro, **Gen. 40**. Faro akatanga kuda Josefa nokuti Josefa akanga adudzira dzimwe dzehope dzaFaro; akaita Josefa mutongi weEgipita, **Gen. 41:14–45**. Efraimi naManase vakaberekwa, **Gen. 41:50–52**. Josefa akasanganiswa nababa nevakoma vake, **Gen. 45–46**. Josefa akafira muEgipita ave nemakore zana negumi, **Gen. 50:22–26**.

JOSEFA, RUKUNI RWA. *Ona*

Bhuku raMormoni; Efraimi—
Rukuni rwaEfraimi kana Josefa

JOSEPH SMITH, MWANA. *Ona*

Smith, Joseph, Mwana

JOSHUA. *Onawo* Jeriko

Muporofita wemuTestamente yaKare, uye mutungamiri akatora nzvimbo yaMosesi. Akaberekerwa muEgipita vana vaIsraeri vasati vapunyuka (Num. 14:26–31). Iye naKarebi vaive mukati mevasori gumi nevaviri vakatumirwa kuKanani. Ivo chete ndivo vakapa mashoko akanaka pamusoro penyika (Num. 13:8, 17–14:10). Akafa ave nemakore zana nemakore gumi (Josh. 24:29). Joshua akanga ari mufananidzo mukuru wemuporofita-nemurwi akazvipira.

Bhuku raJoshua: Bhuku iri rakaidzwa zita raJoshua nokuti ndiye akanga ari mukuru mariri uye kwete kuti ndiye akarinyora. Zvitsauko 1–12 zvinotsanangura kukundwa kweKanani; Zvitsauko 13–24 zvinotaura nezvemarudzi eIsraeri achigovanisa nyika nezvekuraira kwaJoshua kwekupedzisira.

Ndima mbiri dzinoziikanwa mubhuku raJoshua mutemo waIshe kwaari wekuti afunge pamusoro pemagwaro matsvene (Josh. 1:8) nekudaidzira kwaJoshua kuvanhu kuti vave vakatendeka kuna Ishe (Josh. 24:15).

JOSIA

Mambo akarurama weJuda kubva muna 641–610 Kristu asati azvarwa (II Madz. 22–24; II Mak. 34–35). Munguva yekutonga kwake, bhuku remurawo raiwanikwa mumba yaIshe (II Madz. 22:8–13).

JUDA. *Onawo* Bhaibheri; Israeri;

MaJuda

MuTestamente yaKare mwanakomana wechena waJakobo naRea (Gen. 29:35; 37:26–27; 43:3, 8; 44:16; 49:8). Jakobo akaropafadza Juda kuti ave mutungamiri kubva pachizvarirwo pakati pevakanomana vaJakobo nokutiwo Shiro (Jesu Kristu) azove chizukuru chake (Gen. 49:10).

Rudzi rwaJuda: Rudzi rwaJuda rwakatora hutungamiri mushure mekugara kuKanani. Vavaikwikwidzana navo zvikuru rudzi rwaEfraimi. Mosesi

akaropafadza rudzi rwaJuda (Deut. 33:7). Mushure mekutonga kwaSoromoni, rudzi rwaJuda rwakave umambo hwaJuda.

Umambo hwaJuda: Mukotonga kwa-Rehoboami nzvimbo dzehutongi hwaSoromoni dzakapatsanurwa munzvimbo mbiri, zvikuru pamusana peshanje dzaiva pakati pemarudzi aEfraimi neaJuda. Umambo hweku-moadzanyemba, kana kuti umambo hwaJuda, hwaisanganisa rudzi rwaJuda nechikamu chikuru chaBenjamine. Jerusarema ndiro raiva guta ravo guru. Munzira zhinji yakasara yakatendekeka mukunamata Jehova pane zvaaita umambo hwekuchamhembe. Kurwiswa kwaJuda kwaive kushoma kubva kuchamhembe nekumabvazuva, uye simba guru rakasara riri mumaoko emhuri yaDavidi kudakara nguva yehusungwa hweBabironi. Umambo hwaJuda hwakakwanisa kugara kwezana remakore rine makumi matatu ane makore mashanhu mushure meku-parara kweumambo hwaIsraeri hwaive nevanhu vakawanda nesimba guru.

Rukuni rwaJuda: Izvi zvinoreva kuBhaibheri sezvinyorwa zvemba yaJuda (Ez. 37:15–19). Mumazuva ekupedzisira, kana mapazi akasiyana siyana emba yaIsraeri aunganidzwa, zvinyorwa zva-zvinoera zvichaunganidzwawo pamwechete. Zvinyorwa zvemagwaro matsvene izvi zvinotsinhirana zvichiita uchapupu hwakabatana hwekuti Jesu ndiye Kristu, Mwari vaIsraeri naMwari vepasi pose (2 Ni. 3; 29; DJS, Gen. 50:24–36).

JUDASI

MuTestamente Itsva, mumwe wevanina vaJesu angangove munyori werugwaro rwaJudasi (Mat. 13:55; Jud. 1:1).

Rugwaro rwaJudasi: Bhuku iri rine tsamba kubva kuna Judasi ichienda kune vamwe Vatendi vakanga vave kuneta murutondo. Vakanga vave kuneteswa neavo vakange vari pakati pavo vaizviti maKristu asi vachitevedza tsika dzechimato dzechihedheni uye vachizviti

hasavungirwe kuteerera murau wehunhu wakanaka. Judasi aida kumutsa Vatendi kuti vazive ngozi yavo yemweya nokuvakudziridza kuti vage vakavimbika.

Zvimwe zvikamu zvinozivikanwa muna Judasi ivhesi 6, rinotaura hondo kudenga nokukandwa kunze kwaRusifa nengirozi dzake kubva muchinhano cheupenyu husiri hwenyama (Abr. 3:26–28), nemavhesi 14–15, anotapa chiporofita chakaitwa naEnoki.

JUDASI ISKARIOTI

Mumwe weVaapositori vaneGumi neVaviri vaJesu Kristu ari muTestamente Itsva (Mat. 10:4; Marko 14:10; Joh. 6:71; 12:4). Zita rake rekupedzisira raireva kuti “murume weKerioti.” Akanga ari anobva kurudzi rwaJuda uye ari iye chete Muapositori akanga asiri muGarirea. Judasi akatengesa Ishe.

Akatambira makumi matatu ezvidimbu zvesirivha kuti aendese Kristu kune mumwe wevapirisita vakuru, **Mat.** 26:14–16 (Zek. 11:12–13). Akatengesa Ishe nokumutsvoda, **Mat.** 26:47–50 (Marko 14:43–45; Ruka 22:47–48; Joh. 18:2–5). Akazvisungirira, **Mat.** 27:5. Satani akapinda muna Judasi, **Ruka** 22:3 (Joh. 13:2, 26–30). Davidi akataura pamusoro pekutengeswa kwaJesu naJudasi, **Mabasa** 1:16 (Mpi. 41:9).

JUDASI, MUKOMA WAJAKOBO

MuTestamente Itsva, mumwe wekutanga weVaapositori vaneGumi neVaviri vaJesu Kristu (Ruka 6:13–16). Zvingangove aizikanwawo nokunzi Rebiasi Tadeo (Mat. 10:2–4).

KAINI. *Onawo* Aberi; Adama; Huranganwa hwemuruvande; Kuponda

Mwanakomana waAdama naEva akaponda munin'ina wake Aberi (Gen. 4:1–16).

Mupiro wake wakarambwa naIshe, **Gen.** 4:3–7 (Mos. 5:5–8, 18–26). Akaura ya munin'ina wake Aberi, **Gen.** 4:8–14 (Mos. 5:32–37). Ishe vakaisa chitukiso

nerupawo paari, **Gen.** 4:15 (Mos. 5:37–41). Adama naEva vaiva nevanakomana nevanasikana asati azvarwa, **Mos.** 5:1–3, 16–17. Aida Satani kupfuura Mwari, **Mos.** 5:13, 18. Akapinda muchibvumirano chisiri chitsvene naSatani, **Mos.** 5:29–31.

KANANI

Munguva dzeTestamente yaKare, mwanakomana wechina waHami (Gen. 9:22; 10:1, 6) muzukuru waNoa. MuKanani zvinotaura munhu anobva munyika yekutanga yaigara Kanani zvichirevawo zvizukuru zvake. MuKanani raive zita revanhu vaigara munyika yedinha raitevedza gungwa reMediterenieni muFiristia. Zita iri dzimwe nguva rai-shandiswa kutsanangura vose vakanga vasiri malsraeri vaigara munyika yaive kumadokero kweJordan, vaidaidzwa nemaGiriki kuti maFinisia.

KAREBI

Mumwe weavo vakatumwa naMosesi kunoongorora nyika yeKanani mugore rechipiri mushure meRwendo. Iye naJoshua vega vakauya neshoko rechokwadi nezvenyika iyoyo (Num. 13:6, 30; 14:6–38). Ivo vega pane vose vakabva Egipta ndivo vakarama mumakore makumi mana vari murenje (Num. 26:65; 32:12; Deut. 1:36) uye vakapinda muKanani (Josh. 14:6–14; 15:13–19).

KARIVARI. *Ona* Gorgota

KAYAFASI. *Onawo* Anasi; VaSeduse

MuTestamente Itsva, mupirisita wepamusoro uye mukuwasha waAnasi. Kayafasi aive mberi mukushora Jesu nevadzidzi vake (Mat. 26:3–4; Joh. 11:47–51; 18:13–14).

KESARI

MuTestamente Itsva, zita raizivikanwanaro vamwe vevatongi vechiRoma. Rinoshandiswa mumagwaro matsvene semufananidzo wehurumende kana simba repano pasi.

Ipai kuna Kesari zvinhu zvaKesari, **Mat.** 22:21 (Marko 12:17; Ruka 20:25; D&Z 63:26).

KIMBALL, SPENCER W. *Onawo* Chirevo cheChechi—2

Mutungamiri weChechi wechigumi nevaviri kubvira kutangwa kwarakaitwa muna 1830. Spencer W. Kimball akashanda seMutungamiri weChechi kubvira Zvita 1973 kusvika muna Mbudzi 1985. Akaberekwa muna 1895 akazofa muna 1985 ave nemakore makumi mapfumbamwe.

Muna 1978, Hutungamiri hwekutanga hwakazivisa kuti kuzarurirwa kwakanga kwagashirwa neMutungamiri Kimball kwaisvitsa hupirisita nemaropafadzo emutemberi kune dzose nhengo dzechirume dzinokodzera, **D&Z** Chirevo—2.

KISHIKUMENI. *Onawo* Makororo aGadhiandoni

Mubhuku raMormoni, mutungamiri wechikwata chevarume vakaipa vakazozikanwa mushure semagandanga eGadhiandoni (Hir. 1:9–12; 2).

KIYI DZEHUPIRISITA. *Onawo* Hupirisita; Hutungamiri hweKutanga; Mukuwo

Makiyi ikodzere dzehutungamiri, kana simba rinophiwa kumunhu naMwari kuti aratidze, abate, uye atonge hupirisita hwaMwari pano pasi. Vabati veHupirisita vanodaidzwa munzvimbo dzehutungamiri vanotambira makiyi kubva kune avo vane mvumo pamusoro pavo. Vane hupirisita vanoshandisa hupirisita chete mukati memiganho yakatarwa neavo vakabata kiyi. Mutungamiri weChechi anobata kiyi dzose dzehupirisita (D&Z 107:65–67, 91–92; 132:7).

Petro akatambira kiyi dzeumambo, **Mat.** 16:19. Mikaeri (Adama) akatambira kiyi dzeruponeso pasi pehutungamiri hwaJesu Kristu, **D&Z** 78:16. Kiyi dzeumambo nedzweHutungamiri hweKutanga nguva dzose, **D&Z** 81:2.

Hupirisita hwaMerkizedeki hune Kiyi yezvakavanzika zveruzivo rwaMwari, **D&Z** 84:19. Joseph Smith naOliver Cowdery vakatambira makiyi ari maererano nezvekuunganidzwa kwe-Israeli, vhangeri raAbrahama, nevasimba ekusunganidza, **D&Z** 110:11–16. Kiyi dzinokosha dzine Vaapositori vaneGumi neVaviri, **D&Z** 112:16. Hutungamiri hweKutanga nevaneGumi neVaviri vane kiyi dzemwaka wekukwana kwenguva, **D&Z** 112:30–34. Makurukota ari muhupirisita vane makiyi, **D&Z** 124:123. Uyo ane makiyi anogona kuwana ruzivo, **D&Z** 128:11. Hupirisita hwaAroni hune makiyi ekushanda kwengirozi nevhangeri rekutendeuka nerubhabhatidzo, **Nh—JS** 1:69 (**D&Z** 13).

KORESHI

MuTestamente yaKare, mambo wePersia akazadzikisa chiporofita chaIsaya (II Mak. 36:22–23; Isa. 44:28; 45:1) nokubvumira maJuda kuti adzokere kuJerusarema kunovaka temberi, zviriviri zvakapedza zvisihoma usungwa hweBabironi. Chiporofita chaisaya chakanga chaitwa zvimwe zana remakore rine makumi masere emakore kuita kwamambo kusati kwaitwa.

KORIANDONI. *Onawo* Aruma, Mwanakomana waAruma

MuBhuku raMormoni, muzukuru waAruma, mwanakomana waAruma.

Akaenda kumaZoramu, **Aru.** 31:7. Akaasiya kushumira Mwari kuti atevere mhombwe, **Aru.** 39:3. Aruma akamutaurira mamiriro ekururama mushure merufu, kumuka kuvakafa, nerudzikinu, **Aru.** 39–42. Akadaidzwa kuti ashumire zvakare, **Aru.** 42:31. Akaenda kunyika iri kuchamhembe ari mungarava, **Aru.** 63:10.

KORIANDUMA. *Onawo* MaJaredhi

MuBhuku raMormoni, mambo wemaJaredhi uye wekupedzisira akasara werudzi rwemaJaredhi.

Akawanikwa nevanhu veZarahemura,

Omu. 1:21. Aive mambo wenyika yose, **Eta** 12:1–2. Akabatwa naSharedhi uye akasunungurwa nevanakomana vake, **Eta** 13:23–24. Akarwisana nevavengi vakasiyana siyana, **Eta** 13:28–14:31. Akatendeuka, **Eta** 15:3. Akarwa hondo yake yekupedzisira naShizi, **Eta** 15:15–32.

KORIHU. *Onawo* Asingade Kristu

Asingade Kristu muBhuku raMormoni akati ngakutoitwa chiratidzo chesimba raMwari; Ishe vakaita kuti Koriho ave chimumumu (**Aru.** 30:6–60).

KORNERIO. *Onawo* MaJentairi; Mukuru wezana; Petro

Muchengeti wevanhu zana kuKesaria, akabhabhatidzwa naPetro (Mabasa 10). Angangove muJentairi wekutanga kupinda Chechi asati atanga apindutsirwa kuchijuda. Rubhabhatidzo rwaKornerio nemhuri yake rwakaraitidza kuzururwa kwenzira yekuti vhangeri riparidzwe kuvaJentairi. Petro, Muapositori mukuru, akange akabata kiyi dzeumambo hwaMwari panyika panguva iyoyo, aitungamira kuparidza uku.

KOROBHU

Nyenyedzi iri pedyo pedyo nechigaro chekutonga chaMwari (**Abr.** 3:2–3, 9).

Abrahama akaona Korobhu nenyenyedzi, **Abr.** 3:2–18. Nguva yaishe inoverengwa maererano nenguva yaKorobhu, **Abr.** 3:4, 9 (**Abr.** 5:13).

KRISTU. *Ona* Jesu Kristu

KUBA

Kutora chimwe chinhu kune mumwe nekunyengedza kana zvisiri mumurau. Ishe vagara vachiraira vana vavo kuti vasabe (**Eks.** 20:15; **Mat.** 19:18; 2 Ni. 26:32; **Mosaya** 13:22; **D&Z** 59:6).

Zvigadzirire upfumi kudenga, uko mbavha dzisingapaze kana kuba, **Mat.** 6:19–21. Kukundwa kwemaNifai kwakauya pamusana pekuzvikudza,

upfumi, kupamba, kuba, **Hir.** 4:12. Uyo anoba asingade kutendeuka achatandirwa kunze, **D&Z** 42:20. Avo vanoba vachaendeswa kumurau wenyika, **D&Z** 42:84–85.

KUBATANA. *Onawo* Mwari,
Musoro hwehuMwari

Kuve mumwechete mupfungwa, chido nebaso kutanga naBaba vedu vekudenga naJesu Kristu, nevamwe vatendi.

Zvakanaka kuti hama dzigare pamwechete mukubatana, **Mpi.** 133:1. Ini naBaba vangu tiri mumwechete, **Joh.** 10:30 (**D&Z** 50:43). Jesu Kristu akanamata kuti dai vose vave chimwete sezvo iye naBaba vake vari mumwechete, **Joh.** 17:11–23 (3 Ni. 19:23). Ndinokunyengetedzai kuti pasave nekupatsurana pakuti penyuru, asi kuti muve makabatanidzwa zvehokwadi pamwechete, **I VaKori.** 1:10. Shingirira mupfungwa imwechete nemwoyo mumwechete, makabatanidzwa muzvinhu zvose, **2 Ni.** 1:21. Vatendi vakafanira kuve nemwoyo yavo yakarukirwa pamwechete mukabatanidzwa, **Mosaya** 18:21. Jesu akanamatira kubatana pamwechete mukati mevadzidzi vake vechiNifai, **3 Ni.** 19:23. Vadzidzi vakanga vakabatana mukunamata kukuru nekutsanya, **3 Ni.** 27:1. Baba, Mwana-komana, neMweya Mutsvene chinhu chimwechete, **D&Z** 20:27–28 (**D&Z** 35:2; 50:43). Ibaso renyu kuti mubatanene nechechi yehokwadi, **D&Z** 23:7. Chose zvacho chamuchakumbira murutendo, makabatana mumunamato, muchachigashira, **D&Z** 29:6. Kana musiri chinhu chimwechete, hamusi vangu, **D&Z** 38:27. Ishe vakadaidza vanhu vake kuti Zioni nokuti vaive vemwoyo mumwechete nepfungwa imwechete, **Mos.** 7:18.

KUBEREKWA NAMWARI,
KUBEREKWA PATSVA. *Onawo*
Akaberekwa; Bhabhatidza;
Kupinduka; Munhu wenyama;
Vana vaKristu; Vanakomana
neVanasikana vaMwari

Kuve neMweya waIshe uchiita kuti

munhu apinduke zvikuru kwazvo mumwoyo zvekuti haachisina kana shungu yekuita zvakaipa, asi angatoda kuita nekutsvaga zvinhu zvaMwari.

Ndichaisa mweya mutsva mauri, **Ezk.** 11:19 (**Ezk.** 18:31; 36:26). Avo vanodaira muzita raKristu vakaberekwa, kwete neropa, asi naMwari, **Joh.** 1:12–13. Kunze kwekunge munhu aberekwa nemvura neMweya, haangapinde muumambo hwaMwari, **Joh.** 3:3–7. Tinogona kuberekwa patsva nezwi raMwari, **I Pet.** 1:3–23. Ani nani zvake anoberekwa naMwari haazoramba ari muchitadzo, **DJS, I Joh.** 3:9. Nokuti chose chiri chipi chinoberekwa naMwari chinokunda nyika, **I Joh.** 5:4. Avo vanoberekwa naKristu vanobvumirana naMwari, **Mosaya** 3:19; 5:2–7. Vose vanhu vakafanira kuberekwa patsva; hongu, kuberekwa naMwari, **Mosaya** 27:25–26 (**Aru.** 5:49). Makaberekwa here mumweya naMwari? **Aru.** 5:12–19. Kana musina kuberekwa patsva, hamungagare nhaka yeumambo hwekudenga, **Aru.** 7:14. Ani nani anodaira mazwi angu achaberekwa neni, kana nemvura neMweya, **D&Z** 5:16. Makafanira kuberekwa patsva muumambo hwekudenga, **Mos.** 6:59.

KUBITI

Chinhu zvacho chekuyereso pakati pemaHeberu—pakutanga chihambwe kubvira pagokora kusvika kwakaperera minwe.

KUBVISA CHEGUMI. *Ona*
Chegumi

KUBVISWA HUNHENGU. *Onawo*
Hupanduki; Kurasika
pachitendero

Nzira yekubvisa munhu muChechi nekumutorera zvinhu zvose zvehunhengo. Vakuru veChechi vanobvisa munhu kubva muchechi chete kana asarudza kugara achipikisa mirairo yalshe uye achibva azvibvisa kuti asave nhengo yeChechi.

Mwoyo yevazhinji yakange yaoma, uye mazita avo akadzimwa, **Aru.** 1:24

(Aru. 6:3). Kana asina kutendeuka haa-zoverengerwa pakati pevanhu vangu, **3 Ni.** 18:31 (Mosaya 26). Mhombwe dzisingatendeuke dzicharaswa kunze, **D&Z** 42:24. Uyo anoita zvitema asingatendeuki acharasirwa kunze, **D&Z** 42:28. Makwara anopiwa ekugadzirisa nawo zvinonetsa muChechi, **D&Z** 102 (D&Z 42:80–93). Bhishopi anoiswa kuti ave mutongi muIsraeri, **D&Z** 107:72. Magungano ekunamata ane mvumo yekugadzirisa kukanganisa kwenhengo, **D&Z** 134:10.

KUBVUMIRANA KWEWOSE.

Onawo Chechi yaJesu Kristu;
Kutsigira Vatungamiri veChechi

Hurongano uhwo hunoita kuti nhengo dzeChechi dzitsigire avo vanodaidzwa kushanda muChechi nemune zvimwe zvinomiswa neChechi zvinoda rutsigiro rwavo, kazhinji rwunoratidzwa nokusimudza ruoko rwerudyi.

Jesu Kristu amire pamusoro peChechi yake. Kuburikidza nekufemerwa kweMweya Mutsvene, anotungamira vatungamiri veChechi mumabasa akakosha nezvinomiswa. Asika, dzose nhengo dzeChechi dzine mvumo nefaniro yekutsigira kana kusatsigira mabasa nepfungwa dzevatungamiri vavo.

Vose vanhu vakapindura nezwi rimwechete, **Eks.** 24:3 (Num. 27:18–19). Vaapostori nemagosa vakaungana nepfungwa imwe, **Mabasa** 15:25. Hakuna munhu achagadzwa pasina kusarudzwa neChechi, **D&Z** 20:65–66. Zvose zvinhu zvichaitwa nemvumo yeruzhinji, **D&Z** 26:2 (D&Z 28:13). Regai zvinhu zvose zviiitwe muchisungo chekubvumirana, **D&Z** 104:21.

KUBWINYA. *Onawo* Chiedza,
Chiedza chaKristu; Chokwadi;
Matanho ekubwinya

Mumagwaro matsvene, kubwinya kazhinji kunoreva chiedza chaMwari nechokwadi. Zvingangoreva kurumbidza kana kukudza uye kune chimwe chinhanho chepenyu hwokusingaperi kana kubwinya kwaMwari.

Vatsvene Ishe vehondo: pasi pose pazere kubwinya kwavo, **Isa.** 6:3 (2 Ni. 16:3). Takasandurwa kuva mufananidzo mumwecheteyo kubva mukubwinya tichienda pane kumwe kubwinya, **II VaKori.** 3:18. Achandimutsa kuti ndigare naye mukubwinya, **Aru.** 36:28. Kubwinya kwakatambirwa mukumuka kuvakafa kuchasiyana maererano nokururama, **D&Z** 76:50–119. Kubwinya kwaMwari ungwaru, **D&Z** 93:36. Kubwinya kwaMwari kurimukuunza kusafa neupenyu hwokusingaperi hwemunhu, **Mos.** 1:39. Ndakaona Vanhu vaviri, kupenya kwavo nokubwinya kwavo haku tsanangurike, **Nh—JS** 1:17.

KUBWINYA

KWESERESITIYARO. *Onawo*
Matanho eKubwinya;
Rusimudzirwo; Upenyu
hwokusingaperi

Chinhanhow chepamusoro-soro chezvinhu zvitatu zvekubwinya izvo zvinogona kusvikwa nemunhu mushure meupenyu huno. Imomu vakarurama vachagara pamberi paMwari Baba neMwanakomana wavo Jesu Kristu.

Kubwinya kweseresitiyaro kumwechete, **I VaKori.** 15:40 (D&Z 76:96). Pauro akabatwa kudenga rechitatu, **II VaKori.** 12:2. Kubwinya kweseresitiyaro kwakaratidzwa muchiratidzo, **D&Z** 76:50–70. Kana vatendi vachida nzvimbo munyika seresitiyaro, vakafanira kugadzirira, **D&Z** 78:7. Uyo asingakwanise kuchengeta mutemo weumambo hweseresitiyaro, kuchengetedzakubwinya kweseresitiyaro, **D&Z** 88:15–22. Mukubwinya seresitiyaro mune matenga matatu; kune zvimiswa zvakaiswa kuti kusvikwe mune repamusoro-soro, **D&Z** 131:1–2. Vana vanofa vasati vasvika zera rekuzvifungira vanoponeswa muumambo hweseresitiyaro, **D&Z** 137:10.

KUBWINYA KWETIRESITIYARO.

Onawo Matanho ekubwinya

Chinhanho chepiri pazvitatu zvekubwinya umo muchagara vanhu mushure mekutongwa kwekupedzisira.

Pauro akaona kubwinya kwetiresitiyaro, kwakafananidzwa nekubwinya kwemwedzi, **I VaKori**. 15:40–41. Joseph Smith naSidney Rigdon vakaona kubwinya kwetiresitiyaro, **D&Z** 76:71–80. Kubwinya kwetiresitiyaro kunopfuu-ra kweteresitiyaro, **D&Z** 76:91. Avo vasingagone kugara mumurau wekubwinya kweumambo hwetiresitiyaro havagone kugara mukubwinya kwetiresitiyaro, **D&Z** 88:23, 30, 38.

KUBWINYA

KWETERESITIYARO. *Onawo*
Matanho ekubwinya

Chinhano chepasi pasi pazvitanu zveku-bwinya umo muchagara vanhu mushu-re mekutongwa kwekupedzisira.

Pauro akaona kubwinya kwenyenye-dzi, **I VaKori**. 15:40–41. Joseph Smith naSidney Rigdon vakaona kubwinya kweteresitiyaro, **D&Z** 76:81–90. Vagari venyika yemukubwinya yeteresitiyaro vakanga vakawanda senyenyedzi, **D&Z** 76:109–112. Uyo asingagone kugara nemurau weumambo hwekubwinya kweteresitiyaro haangagare mukubwi-nya kweteresitiyaro, **D&Z** 88:24, 31, 38.

KUCHENA. *Oona* Chakachena

KUCHIVA. *Onawo* Chiva

Sekushandiswa kwarinoitwa muma-gwaro matsvene, ruchiva kuda chemu-mwe kana kuve nekuda chimwe chinhu kwakapfuurikidza.

Musachiva, **Eks.** 20:17 (Deut. 5:21; Mosaya 13:24; **D&Z** 19:25). Uyo ano-venga ruchiva achapamhidzira mazuva ake, **Zir.** 28:16. Vakachiva minda uye vakaitora, **Mika** 2:2. Chenjererai ruchiva, **Ruka** 12:15. Mutemo wakati, Mu-saite ruchiva, **VaR.** 7:7. Mumazuva ekupedzisira, vanhu vachave neruchi-va, **II Tim.** 3:1–2. Rabhani paakaona pfuma yedu, akaita mwoyo, **I Ni.** 3:25. Musazochiva zvinhu zvenyu, **D&Z** 19:26. Regerai kuita ruchiva, **D&Z** 88:123. Usachive icho chinenge chiri chehama yako, **D&Z** 136:20.

KUDADA. *Onawo* Akazvinipisa;
Chisina maturo; Mari; Upfumi;
Zvemunyika

Kusavepo kwekuzvinipisa kana kudzidzika. Kudada kunokonzera vanhu kupikisana pachavo naMwari. Munhu anodada anozviisa pamusoro peavo vakamukomboredza achitevera kuda kwake iye kunze kwekwaMwari. Kuzvida, ruchiva, kuoma kwemwoyo, kuzvikudza zvinhu zvinowanikwa mumunhu anodada.

Ngwarirai kuti usakanganwe Ishe zvimwe mwoyo wako ungasozvikudza, **Deut.** 8:11–14. Kudada nokusadzoreka ndinozvivenga, **Zir.** 8:13 (Zir. 6:16–17). Kudada kunotungamira mberi kwekuparadzwa, **Zir.** 16:18. Zuva raIshe richave pane vanodada, **Isa.** 2:11–12 (2 Ni. 12:11–12). Kudada kwemwoyo wako kwakunyengedza iwe, **Obad.** 1:3. Vose vanodada vachagumburwa, **Mara.** 4:1 (1 Ni. 22:15; 3 Ni. 25:1; **D&Z** 29:9). Ani zvake uyo achazvisimudzira achadzikisirwa, **Mat.** 23:12 (**D&Z** 101:42). Mwari vanoramba vanodada, **I Pet.** 5:5. Zimba guru rakafaranuka kwaive kuda kwenyika, **I Ni.** 11:36 (1 Ni. 12:18). Kana vafunda vanofunga kuti vakachenjera, **2 Ni.** 9:28–29. Munozvisimudzira nokudada kwemwoyo yenyu, **Jak.** 2:13, 16 (Aru. 4:8–12). Makabviswa kudada here? **Aru.** 5:28. Kudada kwakapfuurira kwakanga kwapinda mu-mwoyo yevanhu, **Hir.** 3:33–36. Vanokurumidza sei vana yevanhu kusimudzwa mukudada, **Hir.** 12:4–5. Kudada kwerudzi rwuno kwareva kuparadzwa kwavo, **Moro.** 8:27. Ngwarirai kudada, no-kuti mungazove semaNifai, **D&Z** 38:39. Regerai kudada kwenyu kwose nepfungwa inounzenza, **D&Z** 88:121.

KUDAIDZWA. *Oona* Akadaidzwa
Namwari

KUDAIDZWA
NEKUSARUDZWA. *Onawo*
Sarudzwo

Vakarurama vateveri vaKristu vanogona kuverengerwa mukati mevaka-sarudzwa avo vanowana chokwadi

chekukwiridzirwa. Kudaidzwa uku nokusarudzwa kunotanga nokutendeuka nerubhabhatidzo. Kunobva kwakwana kana vave “Kusaidzira mberi, vachidya mushoko raKristu, uye vachishingirira kusvika kumagumo” (2 Ni. 31:19–20). Magwaro matsvene anotsanangura izvi sekuita kuti kudaidzwa kwedu nekusarudzwa kuve kwechokwadi (II Pet. 1:4–11; D&Z 131:5–6).

Muchave kwandiri umambo hwevapirisa, **Eks.** 19:5–6 (Zvaka. 1:6). Mwari kubvira pakutanga akasarudzira vashanangurwa kuruponeso, **II VaT.** 2:13. Ipa kushinga kuita kuti kudaidzwa kwako nokusarudzwa zvive zvechokwadi, **II Pet.** 1:10. Ishe vangangokunamatidza sechavo, **Mosaya** 5:15. Ndinobvumirana nemi kuti muchave neupenyu hwokusingaperi, **Mosaya** 26:20. Vanovimbika vane hupirisita vanove chechi neumambo nevakasarudzwa vaMwari, **D&Z** 84:33–34. Shoko rechiporofita rinoreva zvizhinji kana tichiziva kuti takanamatidzwa kuupenyu hwokusingaperi, **D&Z** 131:5–6. Ndinonamira pauri kusimudzirwa kwako, **D&Z** 132:49.

KUDAVIRA. *Onawo*

Kuzvisarudzira

Ishe vakati vose vanhu vanozvidairira pazvinangwa zvavo, mafungiro, zvido, nezviito.

Zera rekugona kuzvifungira izera rinoonekwa kuti vana vadiki vave kukwanisa kuzvipindurira pane zvavanyenge vaita nekukwanisa kuita chitadzo kana kutendeuka.

Ndichatonga wose munhu mayererano nenzira dzake, **Ezk.** 18:30. Vachapa rondedzero pamusoro peshoko rose risina maturo, **Mat.** 12:36. Parondedzero yehutariri hwako, **Ruka** 16:2. Mumwe nomumwe wedu acharondedzera zvaari kuna Mwari, **VaR.** 14:12. Vakafa vachatongwa maererano nemabasa avo, **Zvaka.** 20:12. Mashoko edu, mabasa edu, nepfungwa dzedu zvi-chatipomera, **Aru.** 12:14. Tiri vatongi kwatiri pachezvedu, mukuita zvaka-

naka kana zvakaipa, **Aru.** 41:7. Munobvumirwa kuzvimirira, **Hir.** 14:29–31. Ichi ndichochinhu chamuchadzidzisa—kutendeuka nekubhabhatidzwa kune avo vose vanozvifungira, **Moro.** 8:10. Vose vakafanira kutendeuka vabhabhatidzwe avo vasvitsa makore eku-zvifungira, **D&Z** 18:42. Satani haagone kuyedza vana vadiki, kudakara vave kukwanisa kuzvifungira pamberi pangu, **D&Z** 29:46–47. Vana vadiki vachabhabhatidzwa kana vave nemakore masere ekuberekwa, **D&Z** 68:27. Wose munhu anozvipindurira pamusoro pezvitadzo zvake muzuva rekutongwa, **D&Z** 101:78. Zvinopiwa kuvanhu kuti vazive chakanaka nechakaipa; nokudaro vanozvisarudzira ivo pachavo, **Mosaya** 6:56. Vanhu vacharangwa pamusoro pezvitadzo zvavo, **Mis. yeCh.** 1:2.

KUDZINGISWA. *Onawo*

Chibvumirano chaAbrahama

Rupawo rwechibvumirano chakaita sechaAbrahama chevanhurume vema-Israeli nguva dzeTestamente yaKare (Gen. 17:10–11, 23–27; DJS, Gen. 17:11). Kudzingiswa kwaitwa nokucheka “ganda repamberi” revacheche nevakuru vechirume zvakafanana. Avo vakazvigashira vakafadzwa nekuwana mukana uye vakabvuma mabasa echibvumirano. Kudzingiswa serupawo rwechibvumirano kwakabviswa nehushumiri hwaKristu (Moro. 8:8; D&Z 74:3–7).

KUDZIVIRIRA PAMUVIRI.

Onawo Kuroora; Mhuri

Tsika yekudzivirira uwandu hwevana vasati vazvarava pakati pevakanwana nekuganhura kana kudzivirira kubata pamuviri.

Ivai nezvibereko, uye muwande uye muzadze nyika, **Gen.** 1:28 (Mos. 2:28). Vana inhaka yaIshe, **Mpi.** 127:3–5. Mhuri yaRihai yaifanira kukudza mbeu kuna Ishe, **1 Ni.** 7:1. Kuwanana kwakaitwa naMwari kuvanhu, **D&Z** 49:15–17. Vakasimudzirwa vachatambira kuzara nokuramba mbeu iriponarinhi, **D&Z** 132:19, 63.

KUDZORERA, KUDZORERA

PAKARE. *Onawo* Kudzorera
pakare kwevhangeri

Kudzoka kwechinhu kana zvakanga
zvatorwa kana kurasika.

Mweya nemuviri zvichasanganiswa
mumutumbi wakakwaniswa, **Aru.**
11:43–44. Kudzorera pakare kudzosea
kuipa nekuipa, kururama nekururama,
Aru. 41:10–15. Tinodaira mukudzore-
rwa pakare kwemarudzi gumi nokuti-
wo pasi richadzorerwa mukubwinya
kwaro kweparadiso, **Mis. yeCh.** 1:10
(D&Z 133:23–24).

KUDZORERWA PAKARE

KWEVHANGERI. *Onawo*

Kurasika pachitendero; Mukuwo;
Smith, Joseph, Mwana; Vhangeri

Kumisa kwaMwari zvakare chokwadi
nezvisungo zvevhangeri rake mukati
mevanhu pano pasi. Vhangeri raJesu
Kristu rakarasika kubva pano pasi
kuburikidza nekurasika kwakaitika
zvichitevedza kushumira panyika
kweVaapositori vaKristu. Kurasika
ikoku ndiko kwakaita kuti vhangeri
ridzorere pakare. Kuburikidza nezvi-
ratidzo, kushumira kwengirozi, nezvai-
iswa pachena kuvanhu pano pasi,
Mwari vakadzorerwa vhangeri. Ku-
dzorerwa kwakatanga neMuporofita
Joseph Smith (Nh—**JS** 1:1–75; D&Z
128:20–21) uyezve kuchiri kuitika
kusvika nhasi kuburikidza nebasa ra-
Maporofita valshe vapenyu.

Imba yaIshe ichamiswa pamusoro
pemakomo, **Isa.** 2:2 (Mika 4:2; 2 Ni.
12:2). Mwari vachaita basa rinoshamisa
nechishamiso, **Isa.** 29:14 (2 Ni. 25:17–18;
D&Z 4:1). Mwari achamisa umambo,
uhwu husingazofa hwakaparadzwa,
Dan. 2:44. Eria anouya, ozodzorerwa
pakare zvose zvinhu, **Mat.** 17:11
(Marko 9:12; D&Z 77:14). Kuchauya
nguva yekudzorerwa zvose zvinhu,
Mabasa 3:21 (D&Z 27:6). Mumwaka
wekuzara kwenguva, Mwari vachau-
nganidza pamwechete zvose zvinhu,
VaE. 1:10. Ndakaona imwe ngirozi, ine
vhangeri rariinhi rekuparidza, **Zvaka.**

14:6. Kuzara kwevhangeri kuchauya
kumaJentairi, **1 Ni.** 15:13–18. Majuda
achadzorerwa kucheche yechokwadi,
2 Ni. 9:2. Muzuva rekupedzisira cho-
kwadi chichauya, **3 Ni.** 16:7. Pauri ndi-
noisa Hupirisita hwaAroni, **D&Z** 13:1
(Nh—**JS** 1:69). Ndaisa kiya dzeumambo
kunguva dzekupedzisira, **D&Z** 27:6,
13–14 (D&Z 128:19–21). Uganidzai
pamwechete marudzi elsraeri mudzo-
rere pakare zvose zvinhu, **D&Z** 77:9.
Kiyi dzenguva ino dzakatopiwa, **D&Z**
110:16 (D&Z 65:2). Hupirisita hunopiwa
mumukuwo wekuzara kwenguva,
D&Z 112:30. Ndakaona Vanhu vaviri,
Nh—JS 1:17. Ndicharatidza kwauri
Hupirisita, neruoko rwaErija, **Nh—JS**
1:38 (Mara. 4:5–6).

KUFADZA NYAMA. *Onawo*

Hunhu; Hupombwe; Kuzvibata
nehupombwe; Ruchiva

Kuda kana kuva nechido chezvinhu
zvisina kururama zvekuzvifadzisa nya-
ma, kunyanya zvekusangana zvisaka-
rurama.

Mudzimai watenzi wake akaisa maziso
ake pana Josefa, **Gen.** 39:7. Ani zvake
anotarisa pamukadzi achimuchiva ari-
kuita upombwe, **Mat.** 5:28 (3 Ni. 12:28).
Ibvai kuruchiva rwenyama, rwunorwi-
sa mweya, **1 Pet.** 2:11. Ruchiva rwe-
nyama neruchiva rwemaziso hazvisi
zvaBaba, **1 Joh.** 2:16. Chiregai kuteve-
dza zvakare ruchiva rwemaziso enyu,
Aru. 39:9. Nekutyora mitemo mitsvene,
munhu akave anofadza nyama, **D&Z**
20:20. Kana pane vanoita upombwe
mumwoyo yavo, havachazove neMwe-
ya, **D&Z** 63:16. Regerai zvose zvido
zveruchiva, **D&Z** 88:121. Vanhu vakata-
nga kuita sekunzwa kwazvo, vakafadza
nyama, vakasviba, vakave neudhiabhoro-
rosi, **Mos.** 5:13 (Mosaya 16:3; Mos. 6:49).

KUFANOGADZWA. *Onawo*

Upenyu hwenyama husati
hwavepo

Kufano gadza naMwari kwevana vake
vasingatye vemweya kuti vazadzikise
mamwe mabasa munguva yeupenyu
hwavo hwekufa.

Mwari vakatema miganhu yevanhu, **Deut.** 32:8. Ndisati ndakuumba munhumbu ndakakugadza huporofita, **Jer.** 1:5. Mwari vakatema nguva dzisati dzamiswa, **Mabasa** 17:26. Nokuti vavakaziva kare, ndivowo vavakatamera kare, **VaR.** 8:28–30. Vakatisarudza mavari hwaro hwenyika husati hwavepo, **VaE.** 1:3–4. Jesu Kristu akafanogadzwa kuti ave Mununuri, **I Pet.** 1:19–20 (Zvaka. 13:8). Vakadaidzwa vakagadzirirwa kubvira pahwaro hwenyika, **Aru.** 13:1–9. Ndakaongorora vanoremekedzwa nevakuru avo vakasarudza kubva pakutanga, **D&Z** 138:55–56. Mudikani mwanakomana wangu akasarudzwa kubva pakutanga, **Mos.** 4:2. Abrahamu akasarudzwa asati aberekwa, **Abr.** 3:23.

KUFARA, MUFARO. *Ona* Rufaro

KUFUNGA. *Onawo* Fungisisa;
Kuzvisarudzira; Pfungwa

Mazano, zivo, nemifananidzo zvirimundangariro memunhu. Simba rekufunga chipo chinobva kuna Mwari, nekusununguka kusarudza mashandisiro atinoita simba redu rekufunga. Nzira yatinofunga nayo inovenechekuita zvikuru matarisiro nehunhu pamwechete nemamiriro edu, nezvatinenge tiri mushure meupenyu huno. Pfungwa dzakarurama dzinotungamira kuruponeso; pfungwa dzakaipa dzinotungamira kunoraswa.

Ishe vanonzwisisa kufunga kwose kwepfungwa dzedu, **I Mak.** 28:9. Sekufunga kwaanenge achiita mumwoyo make ndizvo zvaari, **Zir.** 23:7. Pfungwa dzangu hadzizi pfungwa dzenyu, **Isa.** 55:7–9. Jesu aiziva pfungwa dzavo, **Mat.** 12:25 (Ruka 5:22; 6:8). Kubva mukati, zvichibuda mumwoyo yevanhu, ndokunobva pfungwa dzakaipa, **Marko** 7:20–23. Unzai muusungwa yose pfungwa mukuteerera Kristu, **II VaKori.** 10:5. Zvose zvinhu zvazvo zvehokwadi, zvakavimbika, zvakachena, kana zvinoyedza, fungai pamusoro pezvinhu izvi, **VaF.** 4:8. Yeukai, kuve nemifungo yenyama rufu, uye kuve nepfungwa dzemweya upenyu

hwokusingaperi, **2 Ni.** 9:39. Kana mukasazvitaririra pachenyu, nepfungwa dzenyu, makafanira kufa, **Mosaya** 4:30. Pfungwa dzedu dzichatirasa, **Aru.** 12:14. Mwari chete ndivo vanoziva pfungwa nezvinangwa zvemwoyo yenyu, **D&Z** 6:16 (D&Z 33:1). Tarisirai kwandiri mupfungwa yose, **D&Z** 6:36. Zvichengeterei mupfungwa dzenyu mazwi eupenyu, **D&Z** 84:85. Rasai pfungwa dzenyu dzeunyope, **D&Z** 88:69. Pfungwa dzemwoyo wemunhu dzichaburitswa pachena, **D&Z** 88:109. Regai simba rishongedze pfungwa dzenyu nokusingaperi, **D&Z** 121:45. Pfungwa dzemunhu wose dzaigara dzakaipa, **Mos.** 8:22.

KUGADZA. *Ona* Gadza

KUGADZA MAOKO
PAMUSORO. *Ona* Maoko,
Kugadza kwe

KUGADZWA HUPIRISITA. *Ona*
Gadza

KUGEZWA. *Ona* Akagezwa

KUGUMA KWENYIKA. *Ona*
Nyika—Kuguma kweNyika

KUITIRA. *Ona* Ruponeso
rwevakafa; Zvisungo—Zvisungo
Zvokuitira vamwe

KUKODZERA. *Ona* Anechiremera

KUKWANA

Chakakwana, chose, uye chaitwa zvizere; akarurama zvizere. Kukwana zvingangoreva chisina chitadzo kana chakaipa. Kristu chete ndiye akanga akakwana zvakazara. Vateveri vechokwadi vaKristu vanogona kuve vakakwana kuburikidza nenyasha nerudzikinuro rwake.

Regai mwoyo yenyu ive yakakwana nalshe, **I Madz.** 8:61. Ivai imi vakakwana, kana saBaba venyu vari kude nga, **Mat.** 5:48 (3 Ni. 12:48). Kana ari ani zvake asinga gumbure mushoko, iyeyo munhu akakwana, **Jkb.** 3:2. Rutendo

hakuzi kuve neruzivo rwakakwana rwezvinhu, **Aru.** 32:21, 26. Rudzikinuro rwakaitwa kuti Mwari vagove Mwari vakakwana, **Aru.** 42:15. Moronai aive murume wekunzwisisa kwakakwana, **Aru.** 48:11–13, 17–18. Mweya waMwari unopihwa kumunhu wose kuti atonge nekuziva aine ruzivo rwakakwana kuti chipi zvacho chinhu ndechaMwari here kana kuti dhiabhorosi, **Moro.** 7:15–17. Uyai kuna Kristu, mugokwaniswa maari, **Moro.** 10:32. Enderera mberi nemwoyo murefu kudakara makwaniswa, **D&Z** 67:13. Ava ndivo avo vakarurama vakakwaniswa kuburikidza naJesu, **D&Z** 76:69. Zvinzvimbo zviru muChechi ndezvekukwanisa vatendi, **D&Z** 124:143 (VaE. 4:11–13). Vapenyu havana kukwana pasina vakafa vavo, **D&Z** 128:15, 18. Noa akanga ari munhu akarurama, uye akakwana muchizvarwa chake, **Mos.** 8:27.

KUKWANISA KUZVIDAIRIRA.

Ona Kudavira

KUKWIRA. *Onawo* Jesu Kristu;

Kuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu

Kusimuka kubva pasi kweMuponesi, makumi mana emazuva mushure mekumuka kwake kuvakafa. Kukwira kwakaitikira pane imwe nzvimbo mugomo rinonzi Gomo reMiorivhi vadzidzi vake varipo (Marko 16:19; Ruka 24:51). Panguva iyoyo ngirozi mbiri dzakabva kudenga dzakapupura kuti munguva ichauya Ishe aizodzoka “nenzira imwechetyo” (Mabasa 1:9–12).

KUMANIKIDZA. *Onawo* Mweya

Mutsvene

Kukuridzirwa nesimba kuita kana kusaita chimwe chinhu, kunyanya nesimba nekutunwa neMweya Mutsvene.

Mweya uri mandiri unondimanikidza, **Jobo** 32:18. Rudo rwaKristu rwunotimanikidza, **II VaKori.** 5:14. Ndakamanikidzwa neMweya kuti ndiuraye Rabhani, **1 Ni.** 4:10. Mweya unondirambidza, **Aru.** 14:11. Ndinorambidzwa maererano nechibvumirano, **Aru.** 60:34.

Amaroni achikuridzirwa neMweya Mutsvene, akaviga zvinyorwa, **4 Ni.** 1:48. Icho chinobva kumusoro chakanira kutaurwa nekumanikidzwa kweMweya, **D&Z** 63:64.

KUMBIRA. *Onawo* Munamato

Kubvunza, bvunza, kana kuti kumbira kuna Mwari mutsa wakakosha.

Kumbira, uchapiwa, **Mat.** 7:7. Kana pane mumwe wenyu asina ungwaru, ngaakumbire kuna Mwari, **Jkb.** 1:5 (Nh—JS 1:7–20). Ndikumbirei murutendo, **1 Ni.** 15:11. Kana musinganzwisisi mazwi aya, chikonzero ndechekuti hamuna kukumbira, **2 Ni.** 32:4. Kumbirai nemwoyo usina kunyengedza, **Mosaya** 4:10. Mwari anokupai chose zvacho chamunokumbira chakanaka chakarurama, murutendo, **Mosaya** 4:21. Bvunzai Mwari kuti zvinhu izvi hazvisi zvechokwadi here, **Moro.** 10:4. Vanoda rima kunze kwechiedza; saka, havandibvunze, **D&Z** 10:21. Munorairwa muzvinhu zvose kuti kumbirai kuna Mwari, **D&Z** 46:7.

KUMORA, CHIKOMO. *Onawo*

Bhuku raMormoni; Moronai, Mwanakomana waMormoni; Smith, Joseph, Mwana

Kakomo kadiki kari kumadokero kweNew York, United States yeAmerica. Pano muporofita wepasi chigare ainzi Moronai akaviga mahwendefa egoridhe aive nezvimwe zvezvinyorwa zveamarudzi emaNifai neemaJaredhi. Joseph Smith akatungamirirwa kukakomo aka muna 1827 naMoronai akamuka kuvakafa kuti atore mahwendefa aya agodudzira chidimbu chawo. Kududzira uku ndiro Bhuku raMormoni.

MaNifai vakaungana paKumora, **Morm.** 6:2–4. Kumora yakange iri munyika maive nemvura yakawanda, **Morm.** 6:4. Mormoni akaviga zvinyorwa muChikomo cheKumora, **Morm.** 6:6. Vose kunze kwemakumi maviri nevana vemaNifai vakauraiwa paKumora, **Morm.** 6:11. Tinonzwa zvirehwa zvakakanaka kubva kuKumora, **D&Z** 128:20. Joseph Smith akatora

mahwendefa kubva kuChikomo cheKumora, **Nh—JS** 1:42, 50–54, 59.

KUMUKA KUVAKAFA. *Onawo*

Asingafe; Dzikinura; Jesu Kristu; Muviri; Mweya; Rufu, rwenyama

Kubata zvakare kwemuviri wemweya nemuviri wenyama nemapfupa mushure mekufa. Mushure mekumuka kuvakafa, mweya nemuviri hazvizotsaukana zvakare, uye munhu anobva ave asisazofa. Wose munhu akazvarwa pano pasi achamutswa kuvakafa pamusana pekuti Jesu Kristu akakunda rufu (I VaKori. 15:20–22).

Jesu Kristu akave munhu wekutanga kumuka kuvakafa pasi rino (Mabasa 26:23; VaKoro. 1:18; Zvaka. 1:5) Testamente Itsva inopa umbowo hwakakwana kuti Jesu Kristu akamuka nemuviri wake wenyama: guva rake rakange risisina chinhu, aida hove neuchi, aive nemuviri wenyama nemapfupa, vanhu vakamubata, nengirozi dzikati akamuka (Marko 16:1–6; Ruka 24:1–12, 36–43; Joh. 20:1–18). Zvakazarurwa zveMazuva Ekupedzisira zvinotsinhira chokwadi chekumuka kuvakafa kwaKristu nokwemarudzi ose evanhu (Aru. 11:40–45; 40; 3 Ni. 11:1–17; D&Z 76; Mos. 7:62).

Vose vanhu havazomutswa vachienda mukubwinya kumwecheteko (I VaKori. 15:39–42; D&Z 76:89–98), zve vose havazomutswa nguva imwecheteyo (I VaKori. 15:22–23; Aru. 40:8; D&Z 76:64–65, 85). Vatendi vazhinji vakamutswa mushure mekumuka kwaKristu (Mat. 27:52). Vakarurama vachamutswa vakaipa vasati vauya mukumutswa kwekutanga (1 VaT. 4:16); Vatadzi vasingatendeuke vanouya mukumutswa kwekupedzisira (Zvaka. 20:5–13; D&Z 76:85).

Kana dai muviri uno ukaparadzwa, asika munyama yangu ndichaona Mwari, **Jobo** 19:26 (Mos. 5:10). Ndi-chazurura makuva enyu, ndigoita kuti muuye kumusoro, **Ezk.** 37:12. Makuva akazururwa, miviri mizhinji ikamuka, **Mat.** 27:52–53 (3 Ni. 23:9). Ishe amuka, **Ruka** 24:34. Mweya

hauna nyama nemapfupa, sezvamuri kuona ndiinazvo, **Ruka** 24:39. Ndini kumuka kuvakafa neupenyu, **Joh.** 11:25. Vaapositori vaneGumi neVaviri vakadzidzisa kuti Jesu amuka, **Mabasa** 1:21–22 (Mabasa. 2:32; 3:15; 4:33). Muna Kristu vose vachaitwa vopenyu, **I VaKori.** 15:1–22. Vakafa muna Kristu vachamuka kutanga, **1 VaT.** 4:16. Akaropafadzwa uye mutsvene uyo ane nzvimbo mukumuka kuvakafa kwekutanga, **Zvaka.** 20:6. Kristu anoisa upenyu hwake pasi ohutora zvakare kuti agounza kumutswa kwevakafa, **2 Ni.** 2:8 (Mosaya 13:35; 15:20; Aru. 33:22; 40:3; Hir. 14:15). Pasina kumuka kuvakafa, tingave pasi paSatani, **2 Ni.** 9:6–9. Kumuka kuvakafa kuchasvika kvanhu vose, **2 Ni.** 9:22. Abhinadhai akadzidzisa pamusoro pekumuka kuvakafa kwekutanga, **Mosaya** 15:21–26. Vakaipa vachasara vachiita sepasina kumboita rununuro, kunze kwekusunungurwa kwemajoto erufu, **Aru.** 11:41–45. Aruma akatsanangura nhanho yemweya pakati perufu nokumuka kuvakafa, **Aru.** 40:6, 11–24. Pakuuya kwaIshe, vakafa avo vakafa vari munaKristu vanouya, **D&Z** 29:13 (D&Z 45:45–46; 88:97–98; 133:56). Chemerai kunyanya avo vasina tariro yekubwinya kokumuka kuvakafa, **D&Z** 42:45. Avo vasina murau wavaiziva vachave nechavo mune uku kumuka kwekutanga, **D&Z** 45:54. Vachamuka kuvakafa havachazofa zvakare, **D&Z** 63:49. Kumuka kuvakafa ndiko kununurwa kwemweya, **D&Z** 88:14–16. Mweya nenyama zvatani-dzwa zvekusasiyana, zvinogashira kuzara kwerufaro, **D&Z** 93:33. Ngirozi dzinove vanhu vakamutswa dzine miviri yenyama nemapfupa, **D&Z** 129:1. Dzose njere dzatinowana mune huno upenyu dzichamuka nesu mukumuka kuvakafa, **D&Z** 130:18–19.

KUMUTSA. *Onawo* Kumuka kuvakafa

Kuita kuti chive chipenyu, kumutswa mukufa, kana kupindura munhu kuti ave pamberi paMwari.

Mwari vakatimutsa pamwechete naKristu, **VaE.** 2:4–5 (**VaKoro** 2:6, 12–13). Kristu akauraiwa munyama, asi akamutswa muMweya, **I Pet.** 3:18 (**D&Z** 138:7). Hapana munhu akaona Mwari kunze kwekunge amutswa neMweya, **D&Z** 67:11. Rununuro rwuri nekunaiye anomutsa zvose zvinhu, **D&Z** 88:16–17. Vatendi vachamutswa vagosimudzwa kuti vasangane naKristu, **D&Z** 88:96. Adama akave akamutswa mumunhu wemukati, **Mos.** 6:65.

KUNAMATA. *Onawo* Mwari,
Musoro hwehuMwari

Rudo, kuremekedza, kushandira, nekuzvipira kuna Mwari (**D&Z** 20:19). Kunamata kunosanganisawo miteuro, kutsanya, kushandira chechi, kuita mabasa ezvisungo zvevhangeri, nemamwe mabasa anoratidza kuzvipira nerudo rwaMwari.

Hamuchazove navamwe vamwari pamberi pangu, **Eks.** 20:3 (**Eks.** 32:1–8, 19–35; **Mpi.** 81:9). Namatai Baba mumweya nemuchokwadi, **Joh.** 4:23. Munamatei akaita denga nepasi, **Zvaka.** 14:7 (**D&Z** 133:38–39). Munamatei nesimba renyu rose, pfungwa, negwinyiso, **2 Ni.** 25:29. Vaidaira muna Kristu uye vakanamata Baba muzita rake, **Jak.** 4:5. Zenosi akadzidzisa kuti vanhu vakafanira kunamata nekurumbidza munzvimbo dzose, **Aru.** 33:3–11. Namatai Mwari, panzvimbo ipi yamuri, mumweya nemuchokwadi, **Aru.** 34:38. Vanhu vakapanzikira pasi mumakumbo aJesu uye vakamunamata, **3 Ni.** 11:17. Vose vanhu vakafanira kute ndeuka, votenda muna Jesu Kristu, vonamata Baba nemuzita rake, **D&Z** 20:29. Ndinokupai nhaurwa idzi kuti munzwise uye mugoziva kunamata, mugoziva zvamurikunamata, **D&Z** 93:19. Uyu Mwari mumwechete vega ndivo vandichanamata, **Mos.** 1:12–20. Tinekodzero yekunamata Mwari Samasimba, **Mis. yeCh.** 1:11.

KUNAMATA ZVIFANANIDZO

Kunamata kwezvifananidzo kana kuti

kwati kwati nechimwe chinhu zvaka-pfuuridza.

Musazove nevamwe vamwari pamberi pangu, **Eks.** 20:3 (**Mosaya** 12:35; 13:12–13). Kana mukafamba mushure mevamwe vamwari, muchafa zvechokwadi, **Deut.** 8:19. Musakanzwa wakaita huipi nokunamata zvifananidzo, **I Sam.** 15:23. Wazviwana kune mumwe asiri ini, **Isa.** 57:8. Wakarumbidza vamwari vesirivha negoridhe, **Dan.** 5:23. Haungashandire Mwari neupfumi, **Mat.** 6:24. Ruchiva kunamata zvifananidzo, **VaKoro.** 3:5. Vana, zvibvisei kuzvifananidzo, **I Joh.** 5:21. Nhamo kune avo vanonamata zvifananidzo, **2 Ni.** 9:37. Kunamata zvifananidzo kwevanhu vaNifai kwakavaunzira hondo dzavo nokuparadzwa, **Aru.** 50:21. Wose munhu anofamba ari mumufananidzo wamwari wake, **D&Z** 1:16. Ngava shande nemaoko avo kuti kusave nekunamata zvifananidzo, **D&Z** 52:39. Baba vaAbrahama vakarasika nekunamata zvifananidzo, **Abr.** 1:27.

KUNWA. *Ona* Shoko reUngwaru

KUNYENGEDZA. *Onawo*
Hunyengedzi

Mumagwaro matsvene, kunyengedza nokufurira.

Akaropafadzwa uyo munhu ane mweya usina kunyengedza, **Mpi.** 32:2 (**Mpi.** 34:13; **I Pet.** 2:1). Natanaeri aive mulstraeri akange asina hunyengedzi, **Joh.** 1:47 (**D&Z** 41:9–11). Ruzivo rwakatsvinda rwunokudza mweya usina kunyengedza, **D&Z** 121:42.

KUNYEPA. *Onawo* Anovimbika;
Hunyengedzi; Kutaura zvakaipa

Kwose kutaura kwemanyepo kana kusiri chokwadi kune chinangwa chekunyengedza.

Musazoba, kana kuita zvekunyengedza, kana kunyepa, **Rev.** 19:11. Ndinovenga nekusada kunyepa, **Mpi.** 119:163. Miromo inonyepa chinyangadzo kuna Ishe, **Zir.** 12:22. Vanhu vango avo vasinganyepa, **Isa.** 63:8. Dhiabhorosi

munyepi nababa wemanyepo, **Joh.** 8:44 (2 Ni. 2:18; Eta 8:25; Mos. 4:4). Hamuna kunyepera vanhu, asi kuna Mwari, **Mabasa** 5:4 (Aru. 12:3). Kana munhu akati, ndinoda Mwari, achivenga hama yake, munyepi, **I Joh.** 4:20. Vose vanyepi vane nzvimbo murufu rwechipiri, **Zvaka.** 21:8 (D&Z 63:17). Nhamo kumunyepi, nokuti achakandirwa pasi kugehena, **2 Ni.** 9:34. Vazhinji vachadzidzisa dzidziso yemanyepo, vachiti: nyepai zvisihoma-shoma hapana chakaipa, **2 Ni.** 28:8–9 (D&Z 10:25). Munofungu kuti munganyepere Ishe? **Aru.** 5:17. Muri Mwari vechokwadi uye hamunganyepi, **Eta** 3:12 (Num. 23:19; I Sam. 15:29; Tito 1:2; VaH. 6:18; Eno. 1:6). Uyo anonyepa asingatendeuka acharisirwa kunze, **D&Z** 42:21. Vanyepi vachatora nhaka yekubwinya kwetiresitiyaro, **D&Z** 76:81, 103–106. Tinodaira mukuve vakavimbika, **Mis. yeCh.** 1:13.

KUNYIKA. *Ona* Bhabhatidza—
Rubhabhatidzo nokunyudzwa

KUNZWA TSITSI. *Onawo*
Anetsitsi; Rudo; Rudo
Rwakadzama

Mumagwaro matsvene, kuvanetsitsi zvinoreva sezvazviri “kutambudzika naye.” Zvinorevawo kuratidza ngoni, kumunzwira, netsitsi kune mumwe.

Ishe vakadaidzira kuvanhu vavo kuti vanzwire tsitsi, **Zek.** 7:8–10. Jesu akazunguzwa nekuvanzwira tsitsi, **Mat.** 9:36 (Mat. 20:34; Marko 1:41; Ruka 7:13). Mumwe muSamaria akave nekunzwira tsitsi kwaari, **Ruka** 10:33. Ivai nekuvanzwira tsitsi kune mumwe nomumwe, **I Pet.** 3:8. Kristu azere nekuvanzwira tsitsi kuvana vevanhu, **Mosaya** 15:9. Hura hwangu huzere nekuvanzwira tsitsi kwamuri, **3 Ni.** 17:6. Joseph Smith akanamatira kuvanzwira tsitsi kwaIshe, **D&Z** 121:3–5.

KUNZWISISA. *Onawo* Chokwadi;
Ruzivo; Ungwaru

Kuwana ruzivo rwechokwadi kana kuona zvinoreva chimwe chokwadi, kusanganisa mashandisirwe muupenyu.

Musazembere mukunzwisisa kwenyu pachenyu, **Zir.** 3:5. Mukuwana kwenyu kwose, wanai kunzwisisa, **Zir.** 4:7. Jesu aitaura nemifananidzo uye vamwe vakanga vasinganzwisise, **Mat.** 13:12–17. Ishe vakazurura kunzwisisa kwavo, **Ruka** 24:45. Kana musingagone kunzwisisa mazwi aya, zvinenge zvichikonzerwa nekusabvunza kwenyu, **2 Ni.** 32:4 (3 Ni. 17:3). Zvinyorwa zvakachengetedzwa kuti tigoverenga tigonzwisisa, **Mosaya** 1:2–5. Pamusana pekusatenda kwavo, havaikwanisa kunzwisisa shoko raMwari, **Mosaya** 26:3. Vaive varume vaive nekunzwisisa kwakakwana, **Aru.** 17:2–3. Shoko rave kutanga kujekesa kunzwisisa kwangu, **Aru.** 32:28. Ngatiise pfungwa pamwechete kuti munzwisise, **D&Z** 50:10–12, 19–23. Vabereki vanofanira kudzidzisa vana vavo kuti vanzwisise, **D&Z** 68:25. Mabasa nezvakavanzika zvaMwari zvinogona kunzwisisika chete neMweya Mutsvene, **D&Z** 76:114–116. Satani anotsvaka kupindura mwoyo yevanhu kubva mukunzwisisa, **D&Z** 78:10. Chiedza chaKristu chinomutsiridza kunzwisisa kwedu, **D&Z** 88:11.

KUPA ZVIPO. *Onawo* Kutsanya;
Mupiro; Murombo; Ruyamuro
Mipiro yekuyamura varombo.

Musaite zvipo zvenyu pamberi pevvanhu, **Mat.** 6:1–4 (3 Ni. 13:1–4). Shirikadzi iyi isina chainacho yakanda zvakawanda kupfuura vose, **Marko** 12:41–44. Zvakaropafadzwa kwazvo kupa pane kugashira, **Mabasa** 20:33–35. Ndingade kuti dai muchipa zvamuinazvo kuvarombo, **Mosaya** 4:26. Vanhu veChechi vakafanira kupa zvavainazvo, wose munhu maererano nokuwana kwake, **Mosaya** 18:27.

KUPAKUTENDA. *Onawo*
Kunamata; Kuropafadzwa

Kutenda kwemaropafadzo anogashirwa kubva kunaMwari. Kurakidza kutenda kunofadza Mwari, nekunamata kwechokwadi kunosanganisa kumutenda. Takafanira kupa kutenda kuna Ishe pamusoro pezvinhu zvose.

Chinhu chakanaka kupa kutenda kuna Ishe, **Mpi.** 92:1. Uyai pamberi pake nokupa kutenda, **Mpi.** 95:1–2. Ivai nokutenda kwavari, muropafadze zita ravo, **Mpi.** 100:1–5. Musarege kupa kutenda, **VaE.** 1:15–16. Ivai munotenda, **VaKoro** 3:15. Maropafadzo, nekubwinya, nekupa kutenda, nerukudzo ngazvive kuna Mwari vedu, **Zvaka.** 7:12. Kutenda kwamakafanira kuita Mambo wenyu wekudenga, **Mosaya** 2:19–21. Garai muri mukupa kutenda zuva nezuva, **Aru.** 34:38. Kana muchimuka mangwanani regai mwoyo wenyu uzare nokutenda kuna Mwari, **Aru.** 37:37. Imi, makafanira kuita zvose zvinhu nemunamato nekupa kutenda, **D&Z** 46:7. Imi, makafanira kupa kutenda kuna Mwari, **D&Z** 46:32. Itai zvinhu izvi nokupa kutenda, **D&Z** 59:15–21. Gashirai ropafadzo iri kubva muruoko rwaIshe, nemwoyo uzere nokutenda, **D&Z** 62:7. Uyo anogashira zvose zvinhu nekutenda kwakazara achaitwa kuti abwinye, **D&Z** 78:19. Muzvinhu zvose ipai kutenda, **D&Z** 98:1 (I VaT. 5:18). Rumbidzai Ishe nemunamato wekurumbidza nekupa kutenda, (**D&Z** 136:28).

KUPARADZIRWA. *Ona* Israeri—
Kupararira kwelsraeri

KUPARARIRA KWEISRAERI. *Ona*
Israeri—Kupararira kwelsraeri

KUPFAVA. *Ona* Akapfava

KUPFUvisa. *Onawo*
Matambudziko

Kukonzera kushatirwa kana kurwadza kune vamwe pamusana pezvavanotenda kana zvavari; kushusha kana kudzvinyirira.

Vakaropafadzwa avo vanopfuviswa pamusana pekururama, **Mat.** 5:10 (3 Ni. 12:10). Vanamatirei avo vanokushandisai neruvengo nokukupfuvisai, **Mat.** 5:44 (3 Ni. 12:44). Nokuti vakapfuma, vanopfuvisa vakapfava, **2 Ni.** 9:30 (2 Ni. 28:12–13). Vakarurama avo vanotarisa mberi kuna Kristu pamusoro

pekupfuviswa kwose havazofa, **2 Ni.** 26:8. Zvose zvinhu izvi zvichakupai rudzidziso, **D&Z** 122:7.

KUPIKIRA KUSAWANA. *Ona*
Kuroora

KUPINDUKA. *Onawo* Kuberekwa
naMwari, Kuberekwa Patsva;
Mudzidzi

Kushandura zvaunotenda, mwoyo, neupenyu kugashira nokubvuma chido chaMwari (Mabasa 3:19).

Rupinduko rwunosanganisa kutora pfungwa yekuregera nzira dzakare uchiziva uye woshanduka kuve mudzidzi waKristu. Rutendeuko, rubhabhatidzo rwekuregererwa kwezvitadzo, kutambira kweMweya Mutsvene nekugadzwa maoko, uye kuramba paine rutendo muna Ishe Jesu Kristu zvinoita kuti kupinduka kukwane. Munhu wenyama anopindurwa kuve munhu mutsva akacheneswa uye mutsvene, aberekwa patsva muna Kristu Jesu (II VaKori. 5:17; Mosaya 3:19).

Vanhu vakafanira kupindurwa uye vove sevana vadiki, **Mat.** 18:3 (Mosaya 3:19). Kana mapindurwa, simbasai hama dzenyu, **Ruka** 22:32. Avo vakagashira nokufara shoko rake vakabhabhatidzwa, **Mabasa** 2:37–41. Pindutsa mutadzi kubva mukukanganisa kwenzira yake, **Jkb.** 5:20. Enosi akapindutsa, **Eno.** 1:2–5. Mazwi aMambo Benjamini akaunza kupinduka kukuru muvanhu, **Mosaya** 5:2 (Aru. 5:12–14). Vanhu vose vakafanira kuzvarwa patsva, hongu, kuzvarwa naMwari, **Mosaya** 27:25. Aruma nevanakomana vaMosaya vakapindutsa, **Mosaya** 27:33–35. Baba vaRamonai vakapindutsa, **Aru.** 22:15–18. Nesimba neshoko raMwari, vakanga vapindutsirwa kuna Mwari, **Aru.** 53:10. Rutendeuko rwunounza kupinduka kwemwoyo, **Hir.** 15:7. Sevashinji vakapindutsa vakaratidza zvechokwadi kuti vakange vashanyirwa nesimba neMweya waMwari, **3 Ni.** 7:21. Pamusana perutendo rwavo muna Kristu panguva dzavakatendeutsa, vakabhabhatidzwa nemoto neMweya

Mutsvene, **3 Ni.** 9:20. Vachaenda uye vagonoparidza rutendeuko, uye vazhinja vachapindutswa, **D&Z** 44:3-4.

KUPIRA. *Onawo* Dzikinura; Jesu Kristu; Mwoyo Wakatyoka; Ropa; Sakaramende

Mumazuva ekare, *kupira* zvaireva kuita chimwe chinhu kana mumwe munhu ave mutsvene kana mutsvene. Zvino zvave kureva kusiya kana kurasikirwa nezvinhu zvenyika pamusoro paIshe neumambo hwake. Nhengo dzeChechi ralshe dzakafanira kuda kupira zvose zvinhu kuitira Ishe. Joseph Smith akadzidzisa kuti “chitendero chisingade kuzvipira muzvinhu zvose hachimbofa chakave nesimba rakakwana rekuburitsa rutendo rwunodiwa muupenyu nemuruponeso.” Mukutarisa zvinhu zvokusingaperi, makomborero anowanikwa kuburikidza nekupira akakura kupfuura chipizvacho chinenge chapirwa.

Mushure mekunge Adama naEva vabviswa muBindu reEdeni, Ishe vakavapa mutemo wekupira. Mutemo waisanganisa kupira matangwe ezvipfuwo zvavo. Kupira uku rwaive upawo rwemupiro waizoitwa neMwanakomana Mumwechete Akaberekwa waMwari (Mos. 5:4-8). Kuita uku kwakaramba kuchitwa kudakara kufa kwaJesu Kristu, uko kwakagumiso kupirwa kwemhuka sechisungo chevhangeri (Aru. 34:13-14). MuChechi nhasi nhengo dzinodya sakaramende yechingwa nemvura mukurangarira kuzvipira kwaJesu Kristu. Nhengo dzeChechi raKristu nhasi dzinokumbirwawo kupa mupiro wemwoyo wakatyoka nemweya wakapfava (3 Ni. 9:19-22). Izvi zvinoreva kuti vakazvinipisa vakatendeka uye vane chido chekuteerera mirairo yaMwari.

Abrahama akasunga mwanakomana wake Isaka akamuradzika paaritari, **Gen.** 22:1-18 (Jak. 4:5). Muchapira mipiro yenyu yekupisa, **Eks.** 20:24. Mhuka dzinopirwa hadzina kufanira kuti dzive nechishoro, **Deut.** 15:19-21. Kuteerera kuri nani pane kupira, **I Sam.** 15:22.

Kuve nerudo kunopfuura wose mupiro wekupisa nokupira, **Marko** 12:32-33. Takatsveneswa kuburikidza nekuzvipira kwaKristu, **VaH.** 10:10-14. Kristu akazvipira kuti ave mupiro wechitadzo, **2 Ni.** 2:6-7. Mupiro mukuru wekupedzisira uchave Mwanakomana waMwari, hongu, asinamagomo uye wokusingaperi, **Aru.** 34:8-14. Chiregai kuita mipiro yekupisa; pirai kuna Mwari mwoyo wakatyoka nemweya wakapfava, **3 Ni.** 9:19-20 (Mpi. 51:16-17; **D&Z** 59:8). Nhasi izuva rekupira, **D&Z** 64:23 (**D&Z** 97:12). Vose vanoda kucherechedza zviivumirano zvavo nemupiro vanogashirwa naIshe, **D&Z** 97:8. Joseph F. Smith akaona mweya yevakararama, avo vakanga vapa mipiro yakafanana nemupiro weMuponesi, **D&Z** 138:13. Kununurwa kwakauya kuburikidza nemupiro weMwanakomana waMwari pamuchinjikwa, **D&Z** 138:35.

KUPOKANA. *Ona* Matambudziko

KUPOMERA. *Onawo* Kutonga; Kutonga, Kwekupedzisira;

Kutonga kana kutongwa uchibatwa nemhosva naMwari.

Mwari vachapa mhosva munhu anekuita kwakaipa, **Zir.** 12:2. Tinorangwa naIshe, kuti tisapiwe mhosva pamwechete nenyika, **I VaKori.** 11:32. Mazwi edu, mabasa, nepfungwa zvichatipisa mhosva, **Aru.** 12:14. Nekuziva zvinhu uye tisinga zviite, vanhu nanouya mukupiwa mhosva, **Hir.** 14:19. Kana tikamira kushanda, tinouiswa mukupiwa mhosva, **Moro.** 9:6. Uyo asingaregerere hama yake anomira anemhosva pambere paIshe, **D&Z** 64:9. Uyo anotadzira chiedza chikuru achagashira mhosva yakakura, **D&Z** 82:3. Chechi yose iri pasi pemhosva kudakara yatendeuka nokuyeuka Bhuku raMormoni, **D&Z** 84:54-57.

KUPONDA. *Onawo* Kaini; Kuranga nerufu

Kuuraya munhu zvisiri pemutemo uchida. Kuponda chitadzo chinoshorwa

kubvira panguva dzekutanga (Gen. 4:1–12; Mos. 5:18–41).

Ani zvake anodeura ropa remunhu naiyewo ropa rake richadeurwa nemunhu, **Gen.** 9:6 (DJS, Gen. 9:12–13; Eks. 21:12; Aru. 34:12). Usauraye, **Eks.** 20:13 (Deut. 5:17; Mat. 5:21–22; Mosaya 13:21; D&Z 59:6). Jesu akati, musazoponda, **Mat.** 19:18. Mhondi dzichawana chinzvimo chadzo mukufa kwechipiri, **Zvaka.** 21:8. Muri mhondi mumwoyo yenyu, **1 Ni.** 17:44. Nhamo kumhondi inouraya ichida, **2 Ni.** 9:35. Mwari vakataura kuti vanhu havafanire kuponda, **2 Ni.** 26:32. Kuponda chinhu chinonyadzisa kana Ishe, **Aru.** 39:5–6. Uyo anouraya haazowana kuregererwa, **D&Z** 42:18. Wose munhu anouraya anoendeswa kumirau yenyika, **D&Z** 42:79.

KUPONDERWA CHITENDERO

Munhu anopa upenyu pane kuti asiye Kristu, vhangeri, kana zvakarurama zvaanodaira kana nhungamiro dzake.

Rose ropa rakarurama kubva kuna Aberi kusvika kuna Zakaria richapupura richirwisa vakaipa, **Mat.** 23:35 (Ruka 11:50). Ani zvake acharasikirwa neupenyu hwake pamusana paKristu nevhangeri achauchengetedza, **Marko** 8:35 (D&Z 98:13). Uye vakatema Stefano, **Mabasa** 7:59 (Mabasa 22:20). Pane uchapupu pakafanira kuve nerufu rwemupupuri, **VaH.** 9:16–17. Abhinadhari akapuzika, atambudzwa nerufu rwemoto, **Mosaya** 17:20. VaAmonaiha vakatendeuka vakakandwa mumoto, **Aru.** 14:8–11. Vazhinji vakauraiwa nokuti vakapupura pamusoro pezvinhu izvi, **3 Ni.** 10:15. Uyo anoisa upenyu hwake pasi pamusana pangu achawana upenyu hwokusingaperi, **D&Z** 98:13–14. Joseph Smith naHyrum Smith vakave mhare mukudzorerwa pakare kwevhangeri, **D&Z** 135. Joseph Smith akasimbisa uchapupu hwake neropa rake, **D&Z** 136:39.

KUPOPOTEDZANA. *Ona* Gakava

KUPUNZIKA KWAADAMA
NAEVA. *Onawo* Adama;

Akanunurwa; Dzikinura; Eva; Hurongwa hwerununuro; Jesu Kristu; Munhu wenyama; Rufu, rwenyama; Rufu, Zvemweya; Upenyu hwenyama

Nzira yakaita kuti rudzi rwevanhu rwufe pano pasi. Apo Adama naEva vakadya muchero wairambidzwa, vakave vanofa, vakange vave pasi pechitadzo nokufa. Adama akave “nyama yekutanga” pamusoro penyika (Mos. 3:7). Zvakazururwa zvezamuzva ekupezdisira zvinoisa pachena kuti Kupunzika maropafadzo nokuti Adama naEva vanofanira kukudzwa sevabereki vekutanga verudzi rwevanhu.

Kupunzika chinhu chaifanira sedanho mukufambira mberi kwemunhu. Nokuti Mwari vaiziva kuti Kupunzika kwaizoitika, vakanga varonga upenyu hunoguma nerufu husati hwavepo kuti kuve neMuponesi. Jesu Kristu akauya pakati penguva kuti azodzikinurira kupunzika kwaAdama uye zvitadzo zveemunhu mumwe nemumwe zvichienda nokuti munhu atendeuka.

Muzuva ramuchaudya zvechokwadi muchafa, **Gen.** 2:17 (Mosaya 3:17). Akatora muchero pakarepo, uye akadya, **Gen.** 3:6 (Mosaya 4:12). Semuna Adama vose vanofa naizvozvo nemuna Kristu vose vacharamiswa, **I VaKori.** 15:22. Rrose rudzi rwevanhu rwakanga rwuri panhano yekurasika nekupunzika, **1 Ni.** 10:6. Nzira yakagadzirwa kubva pakupunzika kwemunhu, **2 Ni.** 2:4. Mushure mekunge Adama naEva vadya muchero wakarambidzwa, vakatandwa muBindu reEdeni, **2 Ni.** 2:19. Adama akapuzika kuti vanhu vavepo, **2 Ni.** 2:15–26. Munhu wenyama muveni kuna Mwari, uye anga ari kubvira pakupunzika kwaAdama, **Mosaya** 3:19. Aroni akadzidzisa baba vaRamonai nezvekupunzika, **Aru.** 22:12–14. Pakafanira kuve nerudzikinuro rwunoiwa kana kuti rudzi rrose rwevanhu rwakapuzika uye rwakarasika, **Aru.** 34:9. Vabereki vedu vekutanga vakabviswa zvose panyama uye pamweya kubva pamberi paIshe, **Aru.** 42:2–15 (Hir.

14:16). Pamusana pekupunzika, hunhu hwedu hwakabva hwaipa, **Eta** 3:2. Nekutyora mitemo mitsvene iyi munhu akave munhu akapunzika, **D&Z** 20:20 (**D&Z** 29:34–44). Sezvo mapunzika munganganonurwa, **Mos.** 5:9–12. Nchikonzero chekutadza kunouya kuPunzika, **Mos.** 6:59. Vanhu vacharangirwa zvitadzo zvavo pachavo, **Mis. yeCh.** 1:2.

KURAMBANA. *Onawo* Kuroora

Kudimburwa kwemuchato nesimba rapanyika kana mutemo wehechi. Maererano neTestamente Itsva, Mwari vakabvumira kurambana maererano nemamiro ezvinhu kuburikidza nekuoma kwemwoyo yevanhu; asika, sekutsanangura kwaJesu, “kubvira pakutanga zvakanga zvisina kudaro” (**Mat.** 19:3–12). Magwaro matsvene anodzidzisa kusarambana kazhinji uye achiraira varume nevakadzi kuti vadane mukurama (I VaKori. 7:10–12; **D&Z** 42:22).

KURANGA. *Onawo* Matambudziko

Kutsiura kana kuranga kunopiwa kumunhu kana zvikwata kuti vayamurwe kuita zviriri nani kana kuti vawedzere kusimba.

Musashore ruoko rwekuranga rwaSamasimba, **Jobo** 5:17 (**Zir.** 3:11). Akaropafadzwa munhu uyo amunoranga, **Ishe, Mpi.** 94:12. Ose magwaro matsvene anopirwa kutsiura, kugadziridza, **II Tim.** 3:16. **Ishe** vanoranga avo vavanoda, **VaH.** 12:5–11. **Ishe** vanoona zvafanira kuranga vanhu vavo, **Mosaya** 23:21–22. Kunze kwekunge **Ishe** aranga vanhu vavo, havangazomurangerira, **Hir.** 12:3. **Ishe** vakataura nemunin’ina vajaredhi, vakamuranga, **Eta** 2:14. Vakarangwa kuti vatendeuke, **D&Z** 1:27. Vandinoda ndinorarangawo kuti zvitadzo zvavo zvigoregererwa, **D&Z** 95:1. Avo vose vasingashingirire kurangwa havangacheneswe, **D&Z** 101:2–5. Vanhu vangu vanofanira kurangwa kudakara vadzidza kuteerera, **D&Z** 105:6. Uyo asingagone kutakura kura-

ngwa haakodzere umambo hwangu, **D&Z** 136:31.

KURANGA NERUFU. *Onawo*

Kuponda

Kuranga nerufu mhosva yaparwa, kunyanya yakabatana nekuranga kwekuponda.

Uyo anodeura ropa remunhu, nemunhu ropa rake richadeurwa, **Gen.** 9:6 (**DJS,** **Gen.** 9:12–13). Mhondi zvirokwazvo ichaiswa murufu, **Num.** 35:16. Mhondi dzinouraya dzichiziva dzichafa, **2 Ni.** 9:35. Makatongerwa kufa maererano nemurau, **Aru.** 1:13–14. Uyo akaponda akarangwa murufu, **Aru.** 1:18. Mutemo unoda upenyu hweuyo aponda, **Aru.** 34:12. Uyo anouraya achafa, **D&Z** 42:19.

KURAPA. *Onawo* Kuropafadza

Vanorwara; Zodza

Kuitisa nani kana kuva mutano zvakare, zvose pamuviri nemumweya. Magwaro matsvene ane mienzaniso yakawanda yekurapa kunoshamisa kwaIshe nevaranda vavo.

Ndini Ishe uyo anokurapa, **Eks.** 15:26. Naamani akazvinyika muRwizi rweJordan kanomwe akarapwa, **II Madz.** 5:1–14. Nemavanga ake tinorapwa, **Isa.** 53:5 (**Mosaya** 14:3). Zuva rekuruma richabuda nokurapa mumapapiro ake, **Mara.** 4:2. Jesu akarapa zvirwere zvakasiyana-siyana, **Mat.** 4:23 (**Mat.** 9:35). Akavapa simba rekurapa zvirwere zvakasiyana-siyana, **Mat.** 10:1. Akanditumira kuzorapa vane mwoyo yakatyoka, **Ruka** 4:18. Vakarapwa nesimba reGwayana raMwari, **1 Ni.** 11:31. Kana muchidaira murununuro rwaKristu, munogona kurapwa, **Aru.** 15:8. Akavarapa mumwe nemumwe, **3 Ni.** 17:9. Uyo ane rutendo mandiri mukurapwa acharapwa, **D&Z** 42:48. Muzita rangu vacharapa vanorwara, **D&Z** 84:68. Tinodaira muchipo chekurapa, **Mis. yeCh.** 1:7.

KURARAMA KWENYAMA. *Ona*

Upenyu Hwenyama

KURASIKA PACHITENDERO.

Onawo Hupanduki; Kudzorera
pakare kwevhangeri

Kubva muchokwadi kwevanhu, kwe-
Chechi, kana madzinza ose.

Kurasika pachitendero: VaIsraeri vai-
chengetedza mwoyo yavo kuti isapi-
nduke kubva kuna Ishe, **Deut.** 29:18.
Pasina chiratidzo, vanhu vanoparara,
Zir. 29:18. Vatyora chibvumirano
chokusingaperi, **Isa.** 24:5. Mhepo ya-
karova pamba iyi, ikapuzika, **Mat.**
7:27. Ndinoshamiswa kuti pasina nguva
matobviswa mave kune rimwe vhangeri,
VaG. 1:6. Vakatangisa mukanzira
kakanaka asi vakarasa nzira yavo mu-
mhute, **1 Ni.** 8:23 (1 Ni. 12:17). Mushure
mekunge varaira muchero, vakapunzi-
kira munzira dzisingabvumirwe, **1 Ni.**
8:28. Kurasika kwemaNifai kwakako-
nzera zvipinga mupinyi kuna avo
vakanga vasingatende, **Aru.** 4:6–12.
Nhengo zhinji dzeChechi dzakazvi-
kudza vakatambudza vamwe vavo,
Hir. 3:33–34 (Hir. 4:11–13; 5:2–3). Apo
Ishe pavakaita kuti vanhu vavo vabudi-
rire, dzimwe nguva vanoomesa mwo-
yo yavo uye vomukanganwa, **Hir.** 12:2;
13:38. MaNifai vakaomesa mwoyo yavo
vakave pasi pesimba raSatani, **3 Ni.** 2:1–
3. Moronai akaporofita pamusoro
pekurasika mumazuva ekupedzisira,
Morm. 8:28, 31–41. Kurasika pachite-
ndero kuchatanga mberi kweKuuya
Kwechipiri, **D&Z** 1:13–16.

*Kurasika pachitendero kweChechi rekuta-
nga rechiKristu:* Vanhu ava vanoswe-
dera pedyo neni nemiromo yavo, **Isa.**
29:10, 13. Rima richakwidibira pasi
rose, **Isa.** 60:2. Ishe vachatumira nzara
yekunzwa shoko raIshe, **Amosi** 8:11.
Kuchamuka vana Kristu venhema
nemaporofita venhema, **Mat.** 24:24.
Makava anoshungurudza achapinda
pakati penyu, **Mabasa** 20:29. Ndino-
shamiswa kuti hamutane kubviswa
kwaari, **VaG.** 1:6. Kuchave nekurasika
kubva pachokwadi Kuuya Kwechipiri
kusati kwasvika, **II VaT.** 2:3. Vamwe
vanhu vanokanganisa maererano ne-
chokwadi, **II Tim.** 2:18. Vamwe vanhu

vane unenge humwari asi vanoramba
simba racho, **II Tim.** 3:5. Nguva ichau-
ya yavasingozorambi dzidziso chaiyo,
II Tim. 4:3–4. Kuchave nemaporofita
venhema nevadzidzisi venhema mu-
kati mevanhu, **II Pet.** 2:1. Vamwe
varume vakakambirira mukuramba
ivavo vega Ishe Mwari, **Jud.** 1:4. Va-
mwe vanhu vakati tiri Vaapositori uye
ivo vasiri, **Zvaka.** 2:2. Nifai akaona ku-
tangwa kwezichechi huru inonyanga-
dza, **1 Ni.** 13:26. Majentairi vakapi-
ngwa vakavaka chechi dzakawanda,
2 Ni. 26:20. Vakarasiika kubva pazvi-
sungo zvangu uye vakatyora chibvu-
mirano changu charinhi, **D&Z** 1:15.
Rima rinofukidza nyika uye rima
rakanyanya rinofukidza pfungwa
dzevanhu, **D&Z** 112:23. Joseph Smith
akaudzwa kuti chechi dzose dzaka-
nga dziri mukutadza; mwoyo yavo iri
kure naMwari, **Nh—JS** 1:19.

KURASWA. *Onawo* Dhiabhorosi;

Gehena; Rufu, rwemweya;

Vanakomana vekuraswa

Kuve mukumiswa mune kufambira
mberi nokurambidza kwemumwe
mukana wakave pamberi paMwari
nokubwinya kwake. Kurangwa kuri
mumatanho akasiyana-siyana. Vose
vasingawane kuzara kweseresitiyaro
vachadimburirwa zvakati kuti mukufa-
mbira mberi kwavo nezvavanobvumi-
rwa, uye vacharangwa kusvika ipapo.

Dambudziko kwamuri vanyengedzi!
muchagashira kurangwa kukuru, **Mat.**
23:14. Uyo achatuka Mweya Mutsvene
ari mungozi yekuraswa kwokusingape-
ri, **Marko** 3:29. Avo vakaita chakaipa
vachauya mukumuka kuvakafa kweku-
paradzwa, **Joh.** 5:29 (3 Ni. 26:5). Uyo
anodya nekunwa zvisina chiremerera,
anodya nekunwa kurangwa kwake pa-
chake, **I VaKori.** 11:29 (3 Ni. 18:28–29).
Uyo asingatendeuke, nekubhabhati-
dzwa, nokushingirira kusvika kuma-
gumo anofanira kurangwa, **2 Ni.** 9:24
(Marko 16:16; Eta 4:18; D&Z 68:9; 84:74).
Vakaipa vachasuruvara zvakananyanya
mukugara naMwari pane kugahara
nemweya yakarangwa iri mugehena,

Morm. 9:4. Uyo asina chaanoita kudakara audzwa, iyeyo anorangwa, **D&Z** 58:29. Uyo anotambira kuzara kwechibvumirano chitsva uye chisingaperi anofanira kuteerera murau, kana kuti iye acharangwa, **D&Z** 132:6.

KURATIDZIKA KWEUSO

Kuratidzika kwenguva dzose kunoita uso hwemunhu, uhwo kazhinji hunoratidza pamire mweya nepane pfungwa.

Uso hwavo hunovarovera, **Isa.** 3:9. Uso hwamambo hwakapinduka, uye pfungwa dzake dzikamunetsa, **Dan.** 5:6. Uso hwake hwainge semheni, **Mat.** 28:3. Uso hwake hwainge zuva, **Zvaka.** 1:16. Makatambira here mufananidzo waMwari mukuratidza kweuso hwenyu, **Aru.** 5:14, 19. Amoni akaona kuti kuratidzika kwamambo kwakanga kwashanduka, **Aru.** 18:12. Tsanyai uye munamate nemwoyo unofara neuso hwakafaranuka, **D&Z** 59:14–15. Uso hwake hwakapenya pamusoro pekupepenya kwezuya, **D&Z** 110:3.

KURATIDZWA (CHIRATIDZO).

Onawo Chiratidzo cheKutanga; Kurota; Zvakazarurwa

Chioneso chechiratidzo chechiitiko, munhu, kana chinhu kuburikidza nesimba reMweya Mutsvene.

Miyenzaniso yezviratidzo zvikuru zvinosanganisa zvinotevera izvi: Chiratidzo chaEzekieri chemazuva ekupezdisira (Ezk. 37–39), Chiratidzo chaStefano chaJesu amire kurudyi rwaMwari (Mabasa 7:55–56), Kuisirwa pachena kwaJohane maererano nezvemazuva ekupedzisira (Zvaka. 4–21), Chiratidzo chaRihai naNifai chemuti weupenyu (1 Ni. 8, 10–14), Chiratidzo chaAruma Mudiki chemgirozi yaIshe (Mosaya 27), Chiratidzo chemukoma waJaredhi chevanhu vose vepasi (Eta 3:25), chiratidzo chekubwinya kwose (D&Z 76), zviratidzo zvakapiwa Joseph Smith naOliver Cowdery muTemberu yeKirtland (D&Z 110), Chiratidzo chaJoseph F. Smith chekununurwa kwevakafa (D&Z 138), Chiratidzo cha-

Mosesi chaMwari nezvisikwa zvavo (Mos. 1), Chiratidzo chaEnoki chaMwari (Mos. 6–7), Joseph Smith chiratidzo chake chekutanga (Nh—JS 1).

Pasina chiratidzo, vanhu vanofa, **Zir.** 29:18. Varume vadiki vachaona zviratidzo, **Jorere** 2:28. (Mabasa 2:17). Akandipa ruzivo nezviratidzo, **2 Ni.** 4:23. Aive mutumwa akatumwa kubva pamberi paMwari, **Nh—JS** 1:33. Tinodaira muchiporofita, zvakazarurwa, zviratidzo, **Mis. yeCh.** 1:7.

KUREGERERWA KWEZVITADZO.

Onawo Dzikinura; Jesu Kristu; Regererwa; Rutendeuko

Kuregererwa mukuita zvinhu zvakaipa kana uchinge uri watendeuka. Kuregererwa kwezvitadzo kunokwanisika kuti kuvepo kuburikidza nerununuro rwaJesu Kristu. Munhu anowana kuregererwa kwezvitadzo zvake kana aine rutendo munaKristu, atendeuka muzvitema zvake, agashira zvisungo zverubhabhatidzo nekuiswa maoko pamusoro kuti agopiwa chipo cheMweya Mutsvene, achiteerera mirairo yaMwari (Mis. yeCh. 1:3–4).

Kana dai zvitadzo zvako zvakaipa seropa, zvichachena sechando, **Isa.** 1:16–18. Iri iropa rangu, rakadeurirwa vazhinji kuti varegererwe zvitadzo, **Mat.** 26:28 (VaH. 9:22–28; D&Z 27:2). Tendeukai, mubhabhatidzwe kuti muregererwe zvitadzo, **Mabasa** 2:38 (Ruka 3:3; D&Z 107:20). Avo vanotenda munaJesu vachagashira kuregererwa kwezvitadzo, **Mabasa** 10:43 (Mosaya 3:13). Kristu ndiye mavambo kwavanga tarisire kuregererwa kwezvitadzo, **2 Ni.** 25:26. Kutitwane kuregererwa kwezvitadzo zvedu takafanira kuchengeta varombo nevanoshaya, **Mosaya** 4:11–12, 26. Aniani anotendeuka achawana tsitsi, mukuregererwa kwezvitadzo zvake, **Aru.** 12:34. Kuzadzikisa mirairo kunounza kuregererwa kwezvitadzo, **Moro.** 8:25. Hupirisita hwaAroni hune makiye erubhabhatidzo rwekunyudza mukuregererwa kwezvitadzo, **D&Z** 13:1 (D&Z 84:64, 74; Mis. yeCh. 1:4). Ini, Ishe

handizoyeuki zvitadzo zvavo zvakare, **D&Z** 58:42–43 (Ezk. 18:21–22). Ava vakadzidziswa rubhabhatidzo panzvimbo yeumwe mukuregererwa kwezvita-dzo, **D&Z** 138:33.

KUREMEKEDZA. *Onawo* Rukudzo;
Ruremekedzo

Kuona mumwe kana chimwe chinhu sechine chiremerera nekukosha, kunyanya muzvinhu zvevhengeri.

Akashorwa, nesu hatina kumuremekedza, **Isa.** 53:3–4. Icho chinoremeke-

dzwa zvakanyanya pakati pevanhu chinyangadzo panaMwari, **Ruka** 16:15. Regai munhu ega akudze vamwe kupfuura iye, **VaF.** 2:3. Ishe vanoremekedza yose nyama iri imwechete, **1 Ni.** 17:35. Wose munhu anofanira kuremekedza muvakidzani wake saiye, **Mosaya** 27:4 (**D&Z** 38:24–25). Muzuva rerunyararo rwavo vakaremekedza zvakareruka kuraira kwangu, **D&Z** 101:8.

KUREVA. *Ona* Kutaura zvakaipa

KURONGA NENGUVA

Kurongwa nenguva kunotevera uku, kana zvinhu zvakaitika, hazvinyatsonzwiswa uye zvakaitwa kuti zvingopa muverengi karuzivo kekutevedzana kwa-zvakaitika munguva dzeBhaibheri nemuBhuku raMormoni:

Zvakaitika mumazuva emadzibaba ekutanga: (Pamusana pekunetsa kwekunyatsoyereka nguva chaidzo dzakaitika zvinhu muchidimu chino, mazuva haapihwe.

Kristu asati azvarwa

4000 Adama akapuzika.

Enoki akadzidzisa.

Noa akafundisa; pasi rakazara mvura.

Shongwe yeBaberi yakavakwa; MaJaredhi anoenda kuNyika yeChipikirwa.

Merkizedeki akadzidzisa

Noa akafa.

Abrama (Abrahama) akaberekwa.

Isaka anoberekwa.

Jakobo anoberekwa.

Josefa anoberekwa.

Josefa anotengeswa kuEgipita.

Josefa anoenda pamberi paFarao.

Jakobo (Israeri) nemhuri yake vanoenda kuEgipita.

Jakobo (Israeri) akafa.

Josefa akafa.

Mosesi anoberekwa.

Mosesi akatungamira vana vaIsraeri kubuda muEgipita (Kubva).

Mosesi akashandurwa.

Joshua akafa.

Mushure mekunge Joshua afa, nguva yevatongi yakatanga, mutongi wekutanga ari Otinieri wekupedzisira ari Samueri; kuteverana nemazuva evamwe haana chokwadi.

Sauro akazodzwa umambo.

Zvakaitika muMubatanidzwa weUmambo hwaIsraeri:

1095 Kutonga kwaSauro kunotanga.

1063 Davidi akazodzwa umambo naSamueri.

1055 Davidi akave mambo muHebroni.

1047 Davidi akave mambo muJerusarema; Natamu naGadi vakaporofita.

- 1015 Soromoni akave mambo weIsraeri yose.
 991 Temberi yakapedzwa.
 975 Soromoni akafa; marudzi gumi ekuchamhembe akamukira Rehoboami, mwanakomana wake, uye Israeri ikapatsanurwa.

<i>Zviitiko zve Israeri:</i>	<i>Zviitiko zva Juda:</i>	<i>Zviitiko Munhoroondo yeBhuku raMormoni:</i>
975 Jeroboami aive mambo waIsraeri.		
875 Ahabi aitonga muSamaria kuchamhembe kweIsraeri; Erija akaporofita.	949 Shishaki, mambo weEgipita, akaparadza Jerusarema.	
851 Erisha akashanda zvishamiso zvikuru.		
792 Amosi akaporofita.		
790 Jona naHosea vakaporofita.	740 Isaya akatanga kuporofita. (Roma yakatangwa; Nabonasa aive mambo weBabironi muna 747; Tigrati-pireseri III aive mambo weAsiria kubvira muna 747 kusvika 734.)	
	728 Hezekia aive mambo waJuda. (Sharmaneseri IV aive mambo weAsiria.)	
721 Umambo hwe-Kumaodzanyemba hwakaparadzwa; marudzi gumi aya akatorwa akaiswa muutapwa; Mika akaporofita.	642 Nahumi akaporofita. 628 Jeremia naZefanaya vakaporofita. 609 Obadia akaporofita; Danieri akatakurwa muhunhapwa kuBabironi. (Ninive yakapuzika muna 606; Nebukadnezari aive mambo kubvira muna 604 kusvika 561.)	600 Rihai akasiya Jerusarema
	598 Ezekieri akaporofita muBabironi; Habakuki akaporofita; Zedekia aive mambo waJuda.	588 Mureki akabva muJerusarema kuenda kunyika yechipikirwa.
	587 Nebukadnezari akatapa Jerusarema.	588 MaNifai vanozvitsaura kubva kuMaRamani (pakati pa588 na570).

Zviitiko zverungano rwemaJuda:

- 537 Koreshi anoisa murau kuti
maJuda angadzokere kubva
Babironi.
- 520 Hagai naZekaria vanoporofita.
486 Estere anorarama.
458 Ezra akanzi aiite
zvekupindura zvinhu.
- 444 Nehemia akagadzwa ushe
hweJuda.
- 432 Maraki akaporofita.
- 332 Areksandro Anembiri
akakurira Siria neEgipita.
323 Areksandro akafa.
277 Septuagint, kududzirwa
kwemagwaro matsvene
emaJuda muchiGiriki,
kwakatangiswa.
- 167 Matatiasi muMakabi
akamukira Siria.
- 166 Judasi Makabeusi akave
mutungamiri wemaJuda.
- 165 Tembere yakacheneswa uye
ndokupirwa zvakare; Hanuka
yakavambwa.
- 161 Judasi Makabeusi akafa.
- 63 Jerusarema rakakundwa
naPompei uye kutonga
kwemaMakabi kwakapera
muIsraeri.
- 51 Kiropatira akatonga.
- 41 Herode naFasaeri vakaitwa
kuti vatonge pamwechete
Juda.
- 37 Herode akave mutungamiri
muJerusarema.

*Zviitiko zveNhorondo yeBhuku
raMormoni:*

- 400 Jaromu akatambira
mahwendefa.
- 360 Omuni akatambira
mahwendefa.
- 148 Abhinadhai akaurairwa shoko;
Aruma akamisa Chechi
zvakare mukati memaNifai.
- 124 Benjamini akapa nhauro yake
yekupedzisira kumaNifai.
- 100 Aruma Mudiki nevanakomana
vaMosaya vakatanga basa ravo.
- 91 Kutonga kwevatongi
kwakatanga pakati pemaNifai.

Zviitiko zverungano rwemaJuda:

- 31 Hondo yeAktio yakarwiwa;
Augusto aive mambo weRoma
kubvira muna 31 Kristu asati
azvarwa kusvika muna 14
Kristu azvarwa.
30 Kiropatira akafa.
17 Herode akadzorera temberi.

*Zviitiko zveNhorondo yeBhuku
raMormoni:*

- 6 Samueri muRamani akaporofita
kuberekwa kwaKristu.

Zviitiko munhorondo rwechiKristu:

- Kristu azvarwa
Kuberekwa kwaJesu Kristu
30 Kuparidza kwaKristu
kwakatanga.
33 Kristu akaroverwa.
35 Pauro anotendeuka.
45 Pauro anatora rwendo rwake
rwekutanga rwekuperidza.
58 Pauro akatumirwa kuRoma.
61 Rungano rweMabasa
aVaapositori rwunovharwa.
62 Roma yakapiswa; MaKristu
akatambudzwa pasi paNero.
70 MaKristu akaenda kuPera;
Jerusarema yakakombwa
ikatapwa.
95 MaKristu akatambudzwa
naDomistieni.

*Zviitiko zveNhorondo yeBhuku
raMormoni:*

- Kristu azvarwa
33 kana
34 Kristu akamuka kuvakafa
akaonekwa muAmerica.
385 Rudzi rwemaNifai
rwakaparadzwa.
421 Moronai akaviga mahwendefa.

KUROORA. *Onawo* Kurambana;
Mhuri

Chibvumirano chiri pamutemo kana
kutenderana pakati pemunhurume
nemunhukadzi kuti vave murume ne-
mukadzi (D&Z 49:15).

Hazvina kunaka kuti murume ave ega,
Gen. 2:18 (Mos. 3:18). Murume achanam-
atira kumukadzi wake, uye vachave
nyama imwechete, **Gen.** 2:24 (Mat. 19:5;
Abr. 5:18). Chinenge chabatanidzwa
naMwari musarega munhu achichipa-
tsanura, **Mat.** 19:6 (Marko 10:9). Muma-

zuva ekupedzisira vamwe vachabva
parutendo, vachirambidza kuroora,
1 Tim. 4:1–3. Kuroorana kunoremeke-
dzwa, **VaH.** 13:4. Ishe vakaudza vana-
komana vaRihai kuti varoore vanasi-
kana vaIshmaeri, **1 Ni.** 7:1, 5 (1 Ni.
16:7–8). Mwari vakasika Adama naEva
kuti vave murume nemukadzi, **Mos.**
3:7, 18, 21–25.

*Chibvumirano chitsva uye chisingaperi
chekuroorana:* Kuroorana kunoitwa pasi
pemutemo wevhangeri nehupirisita
hutsvene ndekwe upenyu hwenyama

nokusingaperi. Varume nevakadzi vakakodzera vanobatanidzwa mutemberi mukuroorana vangarambe vachienderera mberi semurume nemukadzi nokusingaperi kwose.

Jesu akadzidzisa mutemo wekuroorana, **Ruka** 20:27–36. Murume asina mukadzi haasi muna Ishe, **I VaKori**. 11:11. Murume nemudzimai vagari venhaka pamwechete yenyasha dzeupenyu, **I Pet.** 3:7. Chose zvacho chamuchabatanidza pano pasi chichabatanidza kude nga, **Hir.** 10:7 (Mat. 16:19). Kuti apinde mukubwinya kwepamusoro-soro mu mambo hweseresityaro, munhu akafanira muchibvumirana nechibvumirano chitsva uye chekusingaperi chekuroorana, **D&Z** 131:1–4. Kana murume akaroorana mudzimai kwete nekwandiri, chibvumirano nekuroorana kwavo hakuna simba kana vafa, **D&Z** 132:15. Kana murume akaroorana mudzimai neshoko rangu nechibvumirano chitsva uye chekusingaperi, uye akabatanidzwa neMweya Mutsvene wechivimbiso, uchave nesimba rakazara kana vabuda munyika, **D&Z** 132:19.

Kuroora kwevezvitendero Zvakasiyana: Kuroorana kwemurume nemukadzi vane kudaira netsika dzechinamoto dzakasiyana.

Hautorere mudzimai mwanakomana wangu kuvanasikana vemaKanani, **Gen.** 24:3. Kana Jakobo akatora mukadzi kuvanasikana vaHeti, chakanaka chii chandichaitirwa neupenyu hwangu? **Gen.** 27:46 (Gen. 28:1–2). Israeri haachazoorana vaKanani, **Deut.** 7:3–4. Israeri akaroorana nemaKanani, akanamata vamwari venhema, uye akatukwa, **Vat.** 3:1–8. Vakadzi vaSoromoni vakapindura mwoyo wake kuti anamete vamwari venhema, **I Madz.** 11:1–6. Hataipa vanasikana vedu kuvanhu venzvimbo, kana kutora vanasikana vavo kuitira vana vedu, **Neh.** 10:30. Musarege muchibopwa pamwechete nevasingatende, **II VaKori.** 6:14. Ishe vakaisa rupawo pamaRamani kuti maNifai asasangane nava uye vagnetenda mutsika dzisiri idzo, **Aru.** 3:6–10. Kana murume akaroorana

ora mudzimai kwete mandiri, chibvumirano nemuchato wavo hauna simba kana vafa, **D&Z** 132:15. Vanakomana vevanhu vakazvitorera vakadzi sekusarudza kwavo, **Mos.** 8:13–15.

Barika: Kuchata kwemurume nevakadzi vaviri kana kupfuura. Zviri pamurau kuti murume ave nemukadzi mumwechete-chete, kunze kwekunge Ishe vatura nepamwe nekuzarurirwa (Jak. 2:27–30). Nekuzarurirwa barika raiitwa munguva dzeTestamente yaKare nemumazuva ekutanga eChechi rakadzorerwa pakare zvichitungamirwa nemuporofita akanga aine kiya dzehipirisita (**D&Z** 132:34–40, 45). Hazvichaitwa muChechi (**D&Z** Chirevo—1); nhasi, kuve nemudzimai anopfuura mumwechete hazvibvumirane nehunhengo hwemuChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.

Sarai akapa Hagari kuna Abrama kuti ave mukadzi wake, **Gen.** 16:1–11. Jakobo akatambira Rea naRakeri nevarandakadzi vavo sevakadzi, **Gen.** 29:21–28 (Gen. 30:4, 9, 26). Kana murume akatora mumwe mukadzi, haafanire kushaisa zvinhu zvemukadzi wekutanga, **Eks.** 21:10. Davidi nevakadzi vake vaviri vakaenda kuHebroni, **II Sam.** 2:1–2. Abrahamu, Isaka, naJakobo vakaita izvo zvavakanga vaudzwa kugashira vakadzi vazhinji, **D&Z** 132:37. Davidi naSoromoni havana kuita chitadzo kana papi kunze kwemuzvinhu izvo zvavakanga vasina kugashira kubva kuna Ishe, **D&Z** 132:38–39.

KUROPAFADZA VANORWARA.

Onawo Hupirisita; Kurapa; Mafuta; Maoko, Kugadzwa kwe; Zodza

Ropafadzo inopihwa kune vanorwara nevarume vaneHupirisita hwaMerkizedeki, vachishandisa mafuta akanamatiirwa.

Gadzai maoko enyu pamusoro pake, **Mat.** 9:18. Jesu akagadzwa maoko ake pamusoro pevanhu vashoma vairwara akavarapa, **Marko** 6:5. Vaapositori vaKristu vakazodza nemafuta vazhinji vairwara uye vakavarapa, **Marko** 6:13.

Magosa vanofanira kuzodza nokurapa vanorwara, **Jkb.** 5:14–15. Hamurape vanorwara kunze kwekunge zvakumbirwa kwamuri neavo vanoda, **D&Z** 24:13–14. Magosa achaisa maoko awo pane vanorwara, **D&Z** 42:44. Gadzai maoko enyu pamusoro pevanorwara, vachapora, **D&Z** 66:9.

KUROPAFADZWA. *Onawo*
Kupakutenda; Kuropafadza vanorwara; Maropafadza ehupatiriyaki; Mutemo; Nyasha

Kupa chinhu chitsvene chakanaka kune mumwe. Chose zvacho chinoita kuti kuve nekufara kwechokwadi, kugara kwakanaka, kana kubudirira chiropafadzo.

Ose maropafadzo anotemerwa kubva pamurairo yekusingaperi (**D&Z** 130:20–21). Nokuti Mwari vanoda kuti vana vavo wawane mufaro muupenyu huno (2 Ni. 2:25), vanopa maropafadzo kwavari pamusoro pekuteerera kwavo kumirairo yavo (**D&Z** 82:10), semhinduro kumunamato kana chisungo chehupirisita (**D&Z** 19:38; 107:65–67), kana mukuburikidza netsitsi dzavo (2 Ni. 25:23).

Donongorwa yezvitaurwa zvinozivilikanwa maererano nezvivimbiso zve-maropafadzo zvirovo zvalshe paGomo (**Mat.** 5–12; 3 Ni. 12:1–12).

Zvivimbiso zveamakomborero: Ndichaita kuti iwe uve rudzi rukuru, uye ndichakuropafadza, **Gen.** 12:2–3 (1 Ni. 15:18; **Abr.** 2:9–11). Maropafadzo ari pamusoro pevakanaka, **Zir.** 10:6. Munhu anovimbika ane rutendo achazara nemaropafadzo, **Zir.** 28:20. Ishe vachazurura mafafitera edenga uye vagokudira neropafadzo, **Mara.** 3:10 (3 Ni. 24:10). Zvirovo zvalshe paGomo zvinovimbisa maropafadzo, **Mat.** 5:1–12 (3 Ni. 12:1–12). Vakaropafadzwa avo vanodaidzwa kumadyo emuchato weGwayana, **Zvaka.** 19:9. Uyo akarurama anodiwa naMwari, **1 Ni.** 17:35 (**Mosaya** 10:13). Kana mukateerera, ndichakusiirai ropafadzo, **2 Ni.** 1:28. Ndinosiya kwamuri ropafadzo rimwechetero, **2 Ni.** 4:9. Vanobva vakuropafadzai ipapo,

Mosaya 2:24. Ishe vanoropafadza uye voita kuti vabudirire avo vanoisa ruvimbo rwavo mavari, **Hir.** 12:1. Yamurai kuunza basa rangu, uye munozoropafadzwa, **D&Z** 6:9. Namatai nguva dzose, nemaropafadzo enyu achave makuru, **D&Z** 19:38. Bhabhatidzwai, uye munozotambira Mwewa wangu neropafadzo guru ramusati mamboziva, **D&Z** 39:10. Mushure mematambudziko mazhinji kunouya maropafadzo, **D&Z** 58:4. Vanhu havateerere; Ndinodzima uye voshaya kugashira ropafadzo, **D&Z** 58:32. Hamuna kunzwisisa kuti maropafadzo akakura sei amakagadzirirwa naBaba, **D&Z** 78:17. Kubvira pahupirisita hwepamusoro kunouya kupiwa kwezvisungo nemaropafadzo pamusoro pechechi, **D&Z** 107:65–67. Pane mutemo panovendipo panobva maropafadzo ose, **D&Z** 130:20. Vose vanowana ropafadzo nemaoko angu vachagara mumurau, **D&Z** 132:5. Maropafadzo anochengeterwa avo vanoda Ishe, **D&Z** 138:52. Abrahamu akatsvaka maropafadzo amadzibaba nekodzero yekupawo mamwechetewo, **Abr.** 1:2.

Kuropafadzwa kwevana: Akavatora mu-maoko ake akavaropafadza, **Marko** 10:16. Akatora vana vavo vadiki, mumwechete mumwechete, uye akavaropafadza, **3 Ni.** 17:21. Magosa anofanira kuropafadza vana muzita raJesu Kristu, **D&Z** 20:70.

KUROTA. *Onawo* Zvakazarurwa

Imwe nzira Mwari yavanoratidza nayo chido chavo kuvarume nevakadzi pano pasi. Hazvizi zviroto zvose zvakazarurwa, asi. Zviroto zvakafemerwa michero yerutendo.

Akarota, uye tarisai manera aisivika kudenga, **Gen.** 28:12. Josefa akarota chiroto, **Gen.** 37:5. Ishe achataura naye mukurota, **Num.** 12:6. Nebukadnezari akarota zviroto, **Dan.** 2:1–3. Harahwa dzicharota zviroto, **Joere** 2:28 (**Mabasa** 2:17). Ngirozi yaIshe yakazviratidza kwaari mukurota, **Mat.** 1:20 (**Mat.** 2:19). Rihai akanyora zvinhu zvizhinji zva-

kanga aona achirota, **1 Ni.** 1:16. Rihai akarota chiroto, **1 Ni.** 8.

KUOVERWA. *Onawo* Dzikinura;

Gorgota; Jesu Kristu; Muchinjikwa

Tsika yevaRoma yekuura nayo, yakanga izere munguva dzeTestamente Itsva, yaiti munhu aiurawiwa nokumusungana kana kurovera maoko ake nemakumbo nezvipikiri pamuchinjikwa. Zvakanga kazhinji zvichiitwa kunhapwa nemakororo epasi pasi. Kurovera kwaitangirwa nokushushwa kana kurohwa (Marko 15:15). Munhu ainge achirovera kazhinji ainzi atakure muchinjikwa wake kunzvimbo yekuura (Joh. 19:16–17). Nhumbi dzake kazhinji dzaitorwa nevarwi vaizazisa mutongo wacho (Mat. 27:35). Muchinjikwa waidzimikirwa muvhu kuti tsoka dzemunhu iyeyo dzingove fiti kana mbiri kubva pasi. Muchinjikwa waichengetwa nemauto kudakara munhu ari pamuchinjikwa afa, zvaiti pane dzimwe nguva zvaitora mazuva matatu (Joh. 19:31–37).

Jesu Kristu akaroverwa pamusana pekuti chikwata chevakange vasingadire chakamupomera mhosva yenhema yekuti ari kumukira Kesari nekutaura zvisina rukudzo kuna Mwari nokuti akati iye Mwanakomana waMwari. Nguwo yakatsvukuruka (Joh. 19:2), ngundu yeminzwa, nekumwe kutukwa kwakapiwa kuna Jesu (Mat. 26:67; Marko 14:65).

Vakaipa vachaboora maoko netsoka dzaMesia, **Mpi.** 22:11–18. Kristu achanda sehwayana kunouraiwa, **Isa.** 53:7. Jesu akafanotaura zvekurovera kwake, **Mat.** 20:18–19. Kurovera kwaKristu kunoronedzerwa, **Mat.** 27:22–50 (Marko 15:22–27; Ruka 23:26–46; Joh. 19:17–30). Nifai akaona muchiratidzo chekurovera kweGwayana raMwari, **1 Ni.** 11:33. Nifai akataura nezve kutambudzika kwaKristu nokurovera, **1 Ni.** 19:9–14. Jakobho akataura nezvemharidzo nokurovera kweMutsvene waIsraeri, **2 Ni.** 6:9. Madutu, kundengendeke kwenyika, moto, nechinyamupupuri muAmerica

zvaipupura kurovera kwaKristu muJerusarema, **3 Ni.** 8. Ndini Jesu uyo akaroverwa, **D&Z** 45:51–52. Mharidzo yaKristu pakati pemweya yaive mutirongo yainga ingori pakati penguva pekufa kwake nekumuka kubva kavafi, **D&Z** 138:27.

KURUMBIDZA. *Ona* Kubwinya;

Kupakutenda

KURURAMA. *Ona* Akarurama

KURWARA. *Ona* Chirwere

KUSADAIIRA. *Onawo* Daira

Kushaya ruvimbo muna Mwari nevhangeri ravo.

Haana kuita mabasa mazhinji makuru ikoko pamusana pekusatenda kwavo, **Mat.** 13:58. Pamusana pekusatenda kwavo vadzidzi vaJesu vakanga vasingakwanise kubvisa dhiabhorosi, **Mat.** 17:14–21. Yamurai kusatenda kwangu, **Marko** 9:23–24. Jesu akatsiura Vaapositori vavo pamusoro pekusatenda kwavo neukukutu hwemwoyo, **Marko** 16:14. Kusatenda koita here rutendo muna Mwari rwushaye basa? **VaR.** 3:3. Zviri nani kuti munhu mumwechete afe pane kuti rudzi rudere nekuparara mukusatenda, **1 Ni.** 4:13. Kana nguva yauya yekuti vanoshomeka mukusatenda, achaita kuti vaparare nokurohwa, **2 Ni.** 1:10–11 (**D&Z** 3:18). Pamusana pekusadaira kwavo havana kugona kunzwisisa shoko raMwari, **Mosaya** 26:1–5. Handina kukwanisa kuratidza vaJuda zvishamiso zvikuru zvakadai pamusana pekusatenda kwavo, **3 Ni.** 19:35. Pfungwa dzenyu munguva dzapfuura dzakange dzakasvibiswa pamusana pekusatenda, **D&Z** 84:54–58.

KUSAFU. *Ona* Asingafe

KUSANGANANA KUSINA

KURURAMA. *Onawo* Hunhu;

Kufadza nyama; Hupombwe

Kurarama kusiri pamutemo kwevanhu vaviri vasina kuroorana. Mumagwaro matsvene nguva nenguva zvinoshandiswa semufananidzo wekurasika.

Musandimanikidze, nokuti hapana chinhu chakadaro chakafanira kuitwa, **II Sam.** 13:12. Regerai kurarana, **Ma-basa** 15:20. Muviri hausi wekurarana, asi ndewa Ishe, **I VaKori.** 6:13–18. Kuti musaite upombwe, regai wose murume ave nemukadzi wake, **I VaKori.** 7:2–3. Ichi ndicho chido chaMwari, kuti murege zvehupombwe, **I VaT.** 4:3. Jakobho akayambira vanhu vaNifai pamusoro pekurarana, **Jak.** 3:12. Muri kuibva, nenzira yekuponda neupombwe hwenyu, kuti muparare, **Hir.** 8:26. Mhombwe dzakafanira kutendeuka kuti vapinde Chechi, **D&Z** 42:74–78.

KUSASIMBA. *Onawo*

Akazvininipisa

Chimiro chekuve anofa nokushaya kwaniso, simba, kana unyanzvi. Kusa-simba chimiro chiripo. Vose vanhu havana kusimba, uye inyasha dzaMwari chete kuti vagashire simba rekuita mabasa akarurama (**Jak.** 4:6–7). Kusa-simba uku kunoonekwa muchidimu kana kusasimba kune munhu ega ega.

Simbaisi imi maoko asina simba, **Isa.** 35:3–4. Mweya zvehokwadi unoda, asi nyama haina simba, **Mat.** 26:41 (**Marko** 14:38). Pamusana pekusimba kuri mandiri, pamusana penyama, ndingazviregerere pachangu, **1 Ni.** 19:6. Ndakaudzwa kuti ndinyore zvinhu izvi, zvisinei nekusasimba kwangu, **2 Ni.** 33:11. Musashatirirwe muranda wenyu pamusana pekusimba kwake, **Eta** 3:2. Vajentairi vachaseka zvinhu izvi pamusana pekusimba kwedu mukunyora, **Eta** 12:23–25, 40. Ndichavaratidza kusasimba kwavo, **Eta** 12:27–28. Nokuti maona kusa-simba kwenyu muchasimbiswa, **Eta** 12:37. Uyo asina simba pakati penyukubva zvino achaitwa akasimba, **D&Z** 50:16. Jesu Kristu anoziva kusasimba kwemunhu, **D&Z** 62:1.

KUSAVA NEMHOSVA. *Ona* Asina

Mhosva

KUSAZVIBATA. *Ona* Akaipa;

Hunhu; Kufadza nyama;

Kusazvibata nehupombwe

KUSAZVIBATA NEHUPOMBWE.

Onawo Hupombwe; Kufadza nyama

Kuzvipinza nekuda mukupomba, nekusangana zvisakarurama, kusangana kwevarume pachavo nevakadzi vega, kusangana nehama, kana chimwe chinhu chisiri chitsvene, chisingafanire, kana kusangana kusina kuchena.

Ngatiitei kuti baba vedu vanwe waini, uye tigorara navo, **Gen.** 19:30–36. Rubeni akaenda akasangana Birha mukadzi mudiki wababa vake, **Gen.** 35:22 (**Gen.** 49:4; **I Mak.** 5:1). Ungochani nekusangana zvisiri izvo chinyangadzo, **Rev.** 18:22–23. Kana murume akamanikidza mukadzi kuti arare naye, murume chete ndiye ane chitadzo, **Deut.** 22:25–27. Ani zvake anotarisira pamukadzi achichiva atoita upombwe naye mumwoyo make nechekare, **Mat.** 5:28 (3 **Ni.** 12:28). Kusangana zvisina kururama, tsvina, kuda zvisina mwero kunamata zvisinani-dzo, **VaKoro** 3:5. Mumazuva ekupe-dzisira vanhu vachange vasisina rudo runemwero, **II Tim.** 3:1–3. Chitadzo chekusangana zvisakarurama chinyangadzo, **Aru.** 39:3–5.

KUSHANDURWA. *Onawo* Jesu

Kristu; Kiyi dzeHupirisita

Zvinenge zvakaita vanhu vanombopindurwa mukuratidzika kwavo nemamiriro avo—kureva kuti vasimudzirwa pachinhano chemweya chepamusoro—kutivagone kutsungirira kuvepo nokubwinya kwekudenga.

Kushandurwa kwaKristu: Petro, Jakobo, naJohane vakaona Ishe vachibwinya uye achishandurwa pamberi pavo. Muponesi akambenge avimbisa Petro kuti aizotambira kiyi dzeumambo hwekudenga (**Mat.** 16:13–19; 17:1–9; **Marko** 9:2–10; **Ruka** 9:28–36; **II Pet.** 1:16–18). Pachiitiko chinokosha ichi, Muponesi, Mosesi naEria (Erija) vakapa kiyi dzehupirisita dzakanga dzakavimbiswa kuna Petro, Jakobo naJohane. Nemakiyi ehupirisita aya, Vaapostori ava vakawana simba rekuramba

vachiita basa reumambo mushure me-
kukwira kwaJesu.

Joseph Smith akadzidzisa kuti pa-
gomo rekushandurwa, Petro, Jakobo,
naJohane naiwowo vakashandurwa.
Vakaona chiratidzo chepasi sezvapa-
change pakaita mukubwinya kwapo
kuchauya (D&Z 63:20–21). Vakaona
Mosesi naErija, vaviri vevanhu vaka-
pindurwa kuenda kudenga, uye vaka-
nzwa izwi raBaba. Baba vakati, “Uyu
Mwanakomana wangu andinodisa,
maari ndinofara chaizvo; munzwei
imi” (Mat. 17:5).

Vanhu vakashandurwa: Vakaona Mwari
waIsraeri, **Eks.** 24:9–11. Ganda reusu
hwake rakapenya apo aitaura naMwari,
Eks. 34:29 (Marko 9:2–3). Usu hwa-
Jesu hwakapenya, **Mat.** 17:2 (Marko
9:2–3). Israeri vakatadza kushingirira
kuona uso hwaMosesi pamusana pe-
kubwinya, **II VaKori.** 3:7. Abinadhi,
kumeso kwake kwakabwinya noku-
penya kwakanyanya, **Mosaya** 13:5–9.
Vakanga vakakomberedzwa sokunge
nemoto, **Hir.** 5:23, 36, 43–45 (3 Ni. 17:24;
19:14). Vakange vakachena sekumeso
kwaJesu, **3 Ni.** 19:25. Zvakaratidzika
kwavari sekusandurwa, **3 Ni.** 28:15.
Hapana munhu ati aona Mwari munyama,
kunze kwekunge zvatungamirwa
neMweya, **D&Z** 67:10–12. Nesimba
reMweya maziso edu akazururwa,
D&Z 76:12. Kubwinya kwaMwari
kwakange kuri pana Mosesi, **Mos.** 1:2.
Kubwinya kwaive pandiri; uye nda-
kaona uso hwake, nokuti ndakanga
ndashandurwa, **Mos.** 1:11. Ndakaona
matenga achizuruka, ndikashonge-
dzwa nokubwinya, **Mos.** 7:3–4.

KUSHAYA HUMWARI. *Onawo*

Akaipa; Asakarurama; Chitadzo;
Hutsvina

Mumwe munhu kana chimwe chinhu
chisiri maererano nechido kana mirai-
ro yaMwari; akaipa uye ari mutsvene.

Nzira yevasina mwari ichafa, **Mpi.**
1:6. Kana vakarurama zvakaoma kuti
vaponiswe, ko vasina mwari vachaone-
kwa vari papi? **I Pet.** 4:18. Zvirambirei

mega zvose zvisina humwari, **Moro.**
10:32. Kutsividza kunouya nokukuru-
midza kune vasina umwari, **D&Z**
97:22. Pakati pevasina umwari, izwi
reMuponesi harina kumbosimudzwa,
D&Z 138:20.

KUSHAYA MATURO. *Ona* Chisina
Maturu

KUSHINGA. *Ona* Hushingi

KUSHORA. *Ona* Ruvengo

KUSIKA. *Onawo* Jesu Kristu;
Kusikwa mumweya; Mavambo;
Pasi; Zuva reSabata

Kuronga. Mwari, vachishanda kubu-
rikidza neMwanakomana wavo, Jesu
Kristu, vakaronga zviumbiso kuumba
pasi. Baba Vekudenga najesu vakasi-
ka munhu mumufananidzo wavo
(Mos. 2:26–27).

Mukutanga Mwari vakasika denga
nenyika, **Gen.** 1:1. Ngatiitei munhu
nemufananidzo wedu, **Gen.** 1:26 (Mos.
2:26–27; Abr. 4:26). Zvose zvinhu zva-
gadzirwa naye, **Joh.** 1:3, 10. Naiye zvi-
nhu zvose zvakasikwa zviri kudenga,
VaKoro. 1:16 (Mosaya 3:8; Hir. 14:12).
Mwari vakagadzira nyika neMwana-
komana wavo, **VaH.** 1:2. Munhu
akasikwa pakutanga, **Mosaya** 7:27.
Ndasika matenga nenyika nezvinhu
zvose, **3 Ni.** 9:15 (Morm. 9:11, 17).
Vose vanhu vakasikwa pakutanga
mumufananidzo wangu, **Eta** 3:15. Jesu
Kristu akasika matenga nenyika, **D&Z**
14:9. Vakasika munhu, murume ne-
mukadzi, nemufananidzo wavo, **D&Z**
20:18. Nyika dzisingaverengeke dza-
ndakasika ini, **Mos.** 1:33. Newangu
Mumwechete Akaberekwa ndakasika
denga, **Mos.** 2:1. Ini, Ishe Mwari, nda-
kasika zvose zvinhu zvemweya zvisa-
ti zvave zvenyama pamusoro peuso
hwepasi, **Mos.** 3:5. Zviuru zvezviuru
pamusoro pezviuru zvedzinyika dza-
kafanana neino nyika hazvingambove
kutanga kwekuverengwa zvisikwa
zvenyu, **Mosaya** 7:30. VaMwari vaka-
ronga nekuumba matenga, **Abr.** 4:1.

KUSIKWA MUMWEYA. *Onawo*

Kusika; Munhu

Ishe vakasika zvose mumweya vasati vazvisika munyama (Mos. 3:5).

Ishe vakaita yose miti isati yave muvhu, **Gen.** 2:4–6 (Abr. 5:5). Nesimba reMweya wangu ndakasika zvose zvinhu—kutanga mumweya, kechipiri munyama, **D&Z** 29:31–32. Chose chiri panyama chiri mumufananidzo weicho chiri chemweya, **D&Z** 77:2. Ndaita nyika nevahhu vasati vave munyama, **Mos.** 6:51.

KUSUNGA. *Onawo* Erija;

Hupirisita; Zvisungo

Kuita kuti zvitambirwe kudenga zvisungo zvinoitwa nemvumo yehupirisita. Zvisungo zvinosimbiswa kana zvagashira kutsigira kutenderwa kweMweya Mutsvene weRuvimbiso, uyo unove ndiwo Mweya Mutsvene.

Chiri chose zvacho chamuchasunga pano pasi chichasungwa kudenga, **Mat.** 16:19 (Mat. 18:18; **D&Z** 124:93; 132:46). Makasungwa neuyo Mweya weChivimbiso, **VaE.** 1:13. Ndinopa kwamuri simba, kuti chose chamuchasunga pano pasi chichasungwawo kudenga, **Hir.** 10:7. Kwavari kunopiwa simba rekusunganidza pano pasi nokudenga, **D&Z** 1:8. Avo vari vekubwinya kweseresitiyaro vanosungwa neMweya Mutsvene weChivimbiso, **D&Z** 76:50–70. Erija anoisa kiyi dzesimba rekusungwa mumaoko aJoseph Smith, **D&Z** 110:13–16. Iri ndiro simba rekusungwa nekubatanidza, **D&Z** 128:14. Izwi riri rechokwadi rehuporofita rinoreva kuziva kuti wakasungwa kuupenyu hwokusingaperi, **D&Z** 131:5. Zvose zvibvumirano zvisina kusungwa neMweya Mutsvene weChivimbiso zvinopera kana vanhu vafa, **D&Z** 132:7. Basa guru richaitwa mumatemberi rinosanganisa kusunganidzwa kwevana kuvabereki vavo, **D&Z** 138:47–48.

KUSUNUNGUKA. *Onawo*

Hunhapwa; Kuzvisarudzira;

Rusununguko

Simba kana kugona kusarudza zvako pasina kumanikidzwa. Mumweya, mu-

nhu uyo anotendeuka uye achiteerera chido chaMwari akasununguka kubva mumajoto echitadzo kuburikidza nerudzikinuro rwaJesu Kristu (Mosaya 5:8).

Chokwadi chichaita kuti usununguke, **Joh.** 8:32. Avo vanove vakasunungurwa kubva muchitadzo vanogashira upenyu hwokusingaperi, **VaR.** 6:19–23. Bazi rakarurama remba yaIsraeri richabviswa muusungwa kuiswa murusununguko, **2 Ni.** 3:5. Vakachemera kuna Ishe rusununguko rwavo, **Aru.** 43:48–50. Moronai akafadzwa murusununguko rwenyika yake, **Aru.** 48:11. Mweya waMwari mweya werusununguko, **Aru.** 61:15. Nditeverei, muchave vanhu vakasununguka, **D&Z** 38:22.

KUSVIBISA. *Onawo* Kutaura

zvisinakunaka

Kusakudza kana kushora zvinhu zvinopera; kunyanya, kushaya rukudzo rwezita raMwari.

Musazotora zita raIshe Mwari venyu muzvisina maturo, **Eks.** 20:7 (2 Ni. 26:32; Mosaya 13:15; **D&Z** 136:21). Tinovsibisirei chitenderano chamadzibaba edu? **Mara.** 2:10. Rose shoko risina maturo richataurwa nevanhu, vachari dairi pakutongwa, **Mat.** 12:34–37. Mumuromo mumwecheteyo munobuda makomborero nokutuka, zviri zvisina kufanira kudaro, **Jkb.** 3:10. Mazwi edu achatipa mhosva, **Aru.** 12:14 (Mosaya 4:30). Vose vanhu ngavachenjerere kuti vanatora sei zita rangu pamiromo yavo, **D&Z** 63:61–62.

KUTAURA ZVAKAIPA. *Onawo*

Gakava; Kunyepa; Makuhwa;

Runyerekupe

Kutaura zvinhu zvisizvo, zvinorwadzisa, zvakaipa. Kazhinji mumagwaro matsvene kutaura kwakadai kunonanganana nemunhu paine chinangwa chekukonzera kurwadzisa.

Chengetedzai rurimi rwenyu kubva kuzvakaipa, **Mpi.** 34:13 (1 Pet. 3:10). Munhu asina mwari akafukunura kupa, **Zir.** 16:27. Makaropafadzwa imi, kana vanhu vachataura ndudzi dzose

dzezvakaipa kwamuri vachinyepa, **Mat.** 5:11 (3 Ni. 12:11). Mumwoyo ndimo munobva pfungwa dzakaipa, **Mat.** 15:19 (Marko 7:21). Musazotaura zvakaipa pamusoro pemutongi, **Mabasa** 23:5. Buritsai kutaura kwose kwakaipa kwamuri, **VaE.** 4:31. Musataure zvakaipa pamusoro pemumwe, **Jkb.** 4:11. Ona kuti hakuna kurevana, kana kutaura kwakaipa, **D&Z** 20:54.

KUTAURA ZVISINAKUNAKA.

Onawo Chitadzo chisingaregere-
rwe; Kusvibisa

Kutaura zvisina rukudzo kana zvisina ruremekedzo pamusoro paMwari kana zvinhu zvinoera.

Jesu akapiwa mhosva kazhinji nema-Juda achinzi ari kutaura zvisina rukudzo nokuti aiti ane kodzero yekuregereza zvitadzo (**Mat.** 9:2–3; Ruka 5:20–21), nokuti aizvidaidza kuti Mwanakomana waMwari (**Joh.** 10:22–36; 19:7), nokuti akati vachazomuona agere kurudyi rwesimba, achiuya ari mumakore edenga (**Mat.** 26:64–65). Mhosva idzi dzingadai dzakave dzechokwadi dai akanga asiri chaizvo zvaaiti ari. Mhosva yaakapiwa nevapupuri venhema pakutongwa kwake pamberi peSanihederini (**Mat.** 26:59–61) yaive yekutaura zvisina rukudzo pamusoro petemberi yaMwari. Kutuka nekushora Mweya Mutsvene, kunove ndiko kuramba Kristu uchida mushure mekunge wagashira kuziva kwakakwana kwake, ndicho chitadzo chisingaregererwe (**Mat.** 12:31–32; Marko 3:28–29; **D&Z** 132:27).

Uyu unotaura zvisina rukudzo pamusoro pezita raIshe achaurawa, **Rev.** 24:11–16. Vavengi vaIshe havazoregwi vachitaura zvisina rukudzo kuzita rake, **D&Z** 105:15. Kutsividzwa kuchauya pamusoro peavo vasina rukudzo kuna Ishe, **D&Z** 112:24–26.

KUTEERA. *Ona* Anoteerera

KUTENDA. *Ona* Kupakutenda

KUTENDEKA. *Onawo* Akarurama;
Anovimbika

Kururama, Kuvimbika, uye kurevesa.

Kudakara ndafa handizobvisa kute-
ndeka kwangu pandiri, **Jobo** 27:5. Murume akarurama anofamba muku-
tendeka kwake, **Zir.** 20:7. Vaive varume
vakanga vari pachokwadi nguva dzose
muchinhu chipi zvacho chavainge va-
vimbwa nacho, **Aru.** 53:20. Ishe vaidi
Hyrum Smith pamusana pekutendeka
kwemwoyo wake, **D&Z** 124:15.

KUTONGA. *Onawo* Jesu Kristu—

Tonga; Kupomera; Kutonga,
Kwekuperdzisira

Kupima tsika zvakanangana nehuro-
ngano hwevhangeri; kufunga; kuziva
chakanaka kubva kune chakaipa.

Mosesi akagara kuti atonge vanhu,
Eks. 18:13. Mukururama uchatonga
muvakidzani wako, **Rev.** 19:15. Musa-
tonge, kuti imi musatongwe, **Mat.** 7:1
(DJS, **Mat.** 7:1–2; Ruka 6:37; 3 Ni. 14:1).
Sevakatadza vari mumurau vacha-
tongwa nemurau, **VaR.** 2:12. Vatendi
vachatonga nyika, **I VaKori.** 6:2–3.
Mwanakomana waMwari wokusinga-
pere akatongwa nyenika, **1 Ni.** 11:32.
Vaapositori vaneGumi neVaviri ve-
Gwayana vachatonga marudzi gumi
nemaviri aIsraeri, **1 Ni.** 12:9 (**D&Z**
29:12). Rufu, gehena, dhiabhorosi, ne-
izvo zvakatorwa imomo zvakafanira
kutongwa, **2 Ni.** 28:23 (1 Ni. 15:33).
Kana mukatonga munhu anoisa chi-
chemo chake kwamuri cheruyamuro,
kupihwa mhosva kwenyu kunenge
kwakarurama sei nokuramba kuyamu-
ra kwenyu, **Mosaya** 4:22. Vanhu vacha-
tongwa maererano nemabasa avo, **Aru.**
41:3. Tongai nokururama, uye mucha-
wana kunaka kwadzorerwa kwamuri
zvakare, **Aru.** 41:14. Mumabhuku acha-
nyorwa ndimo muchabva kutongwa
kwenyika, **3 Ni.** 27:23–26 (**Zvaka.** 20:12).
Vakasara vevanhu ava vachatongwa
negumi nevaviri avo vakasarudzwa
naJesu munyika muno, **Morm.** 3:18–20.
Mormoni akatsanangura nzira yekuto-
nga zvakanaka kubva kune zvakaipa,
Moro. 7:14–18. Isai ruvimbo rwenyu
muMweya uyo unotungamira kuti
mutonge zvakarurama, **D&Z** 11:12.
Makafanira kutaura mumwoyo yenyu

kuti—regai Mwari vatonge pakati pangu newe, **D&Z** 64:11. Chechi yalshe ichatonga marudzi, **D&Z** 64:37–38. Mwanakomana akashanyira mweya mutirongo kuti vagotongwa maererano nevanhu venyama, **D&Z** 76:73 (I Pet. 4:6). Bhishopi achave mutongi wevese, **D&Z** 107:72–74. Ishe vachatonga vose vanhu maererano nemabasa avo, maererano nechido chemwoyo yavo, **D&Z** 137:9.

KUTONGA, KWEKUPEDZISIRA.

Onawo Jesu Kristu—Mutongi;
Kupomera; Kutonga

Kutonga kwekupedzisira kuchaitika mushure mekumuka kuvakafa. Mwari, kuburikidza nemuna Jesu Kristu, vachatonga munhu ega ega kuti vawone kuti anofanira kuwana kubwinya kupi kokusingaperi. Kutonga uko kuchave maererano nokuteerera kwemunhu ega ega kumirairo yaMwari, kusanganisa nokubvuma kwake mupiro werudzikinuro rwaJesu Kristu.

Baba vakaisa kwose kutonga kuMwanakomana, **Joh.** 5:22. Tichamira tose pamberi pechigaro chekutonga chaKristu, **VaR.** 14:10. Vakafa vakatongwa mune izvo zvinhu zvakanga zvakanyorwa, **Zvaka.** 20:12 (**D&Z** 128:6–7). Kune zvaunaita zvose uchaunzwa mukunotongwa, **1 Ni.** 10:20. Vaapositori vaneGumi neVaviri nevane gumi nevaviri vadzidzi vechiNifai vachatonga Israeri, **1 Ni.** 12:9 (**D&Z** 29:12). Vose vakafanira kuwonekwa pamberi pechigaro chekutonga cheMumwe Mutsvene, **2 Ni.** 9:15. Gadzirirai mweya yenyu zuva iro rine mukurumbira, **2 Ni.** 9:46. Mungambozvifungawo here muri pamberi pedare raMwari? **Aru.** 5:17–25. Jesu Kristu achamira kuti atonge nyika, **3 Ni.** 27:16. Ishe vachadzika pasi nekutuka mukutonga vasina humwari, **D&Z** 133:2.

KUTSANYA. *Onawo* Kupa zvipo;
Mupiro; Murombo; Ruyamuro

Kuzvipira kuregera kudya kana kunwa kuitira kusebera pedyo nalshe muchikumbira maropafadzo avo. Kana vanhu

nezvikwata vachitsanya, vakafanirawo kunamata kuti vanzwisise kuda kwaMwari nekukuridzira simba remweya. Kutsanya kwakagara kuchitwa neavo vanodaira zvechokwadi.

MuChechi nhasi, zuva reSabata rimwechete mwedzi wega-wega rinomisirwa kutsanya. Panguva iyoyi, nhengo dzeChechi dzinoenda dzisisa chekudya kana mvura zuva rimwechete. Vozoisa kuChechi mari yavainge vachifanira kunge vashandisa mukutenga kudya ikoko. Mari iyi inonzi mupiro wekutsanya. Chechi rinoshandisa mipiro yekutsanya kuyamura varombo nevanoshaya.

Takatsanya tikatsvaga Mwari vedu, **Ezra** 8:21–23, 31. Ndakatsanya ndikanamata pamberi paMwari wedenga, **Neh.** 1:4. Tsanyira ini, musadye kana kunwa kwemazuva matatu, **Est.** 4:16. Ndakazvirereka pamweya wangu nekutsanya, **Mpi.** 35:13. Uku hakuziko kutsanya here kwandakasarudza? **Isa.** 58:3–12. Ndaisa usu hwangu kuna Ishe Mwari, kutsvaga nemunamato, nekutsanya, **Dan.** 9:3. Tendeukirai kwandiri nemwoyo yenyu yose, nekutsanya, **Joere** 2:12. Ninive yakadaira Mwari, ikadaidzira kutsanya, **Jona** 3:5. Jesu akatsanya kwemazuva makumi mana, **Mat.** 4:2 (Eks. 34:28; 1 Madz. 19:8; Ruka 4:1–2). Musaratidzike kuvanhu kuti muri kutsanya, **Mat.** 6:18 (3 Ni. 13:16). Rudzi urwu harwubude asi nemunamato nekutsanya, **Mat.** 17:21. Endere-rai mberi nekutsanya nokunamata, **Omu.** 1:26 (4 Ni. 1:12). Vakatanga kutsanya, nokunamata kuna Ishe Mwari vavo, **Mosaya** 27:22. Ndakatsanya ndikanamata mazuva mazhinji kuti ndigove ndinoziva zvinhu izvi, **Aru.** 5:46. Vana vaMwari vakabatana mukutsanya nemunamato mukuru, **Aru.** 6:6. Vanakomana vaMosaya vakanga vazvipira mukunamata nekutsanya kwakanyanya, **Aru.** 17:3, 9. Nguva yekutsanya nemunamato zvakatevedzana nokufa kwemaNifai mazhinji, **Aru.** 28:5–6. Vaitsanya zvakananyanya nokunamata zvakananyanya, **Aru.** 45:1

(Hir. 3:35). Itai kuti kudya kwenyu kugadzirwe nomwoyo mumwechete kuti kutsanya kwenyu kugove kwakakwana, **D&Z** 59:13–14. Mucharamba muri mumunamato nokutsanya, **D&Z** 88:76.

KUTSAURA. *Onawo* Akadaidzwa naMwari; Maoko, Kugadza kwe

Kusarudzwa nokupirwa kuita mabasa matsvene. Kusarudzwa uku kunove kwakatarisana nebasa rekushandira muhurongwa hweChechi nokugadzwa maoko pamusoro nemumwe ane mvumo kwayo. Avo chete vanotungamira zvikwata zvehupirisita vanogashidzwa kiya pavanotsaurwa. Vanhu vanotsaurirwa nzvimbo kunze kwenzvimbo dzhutungamiri hwezvikwata zvehupirisita vangagashire maropafadzo ehupirisita, asi hakuna kiya dzinopiwa nekuropafadzwa ikoko.

Nditsaurire Barnabasi naSauro mubasa iri, **Mabasa** 13:2–3. Mamwe mabhishopi anotsaurwa, **D&Z** 68:14. Bhishopi, mutongi wevose kuvanhu, achatsaurirwa kubasa iri, **D&Z** 107:17, 74. Munhu akafanira kudaidzwa naMwari nechiporofita nokugadzwa maoko pamusoro, **Mis. yeCh.** 1:5.

KUTSIGA. *Onawo* Akazvinipisa

Tsika kana kuratidzika kuzvinipisa, kwakafanira, uye kwakatsiga. munhu akatsiga haadi zvapakfuuridza nezvekunyengedzera.

Mwari vakaita nguwo yematehwe, uye akapfekedza Adama naEva, **Gen.** 3:21 (Mos. 4:27). Vakadzi vanozvishongedza nezvisimiro zvakafanira, **I Tim.** 2:9. Ivai vanozvibata, makachena, vachengeti vemusha, **Tito** 2:5. Vazhinji vanosimudzwa mukuzvida pamusoro pekudhura kwenguwo dzavo, **Jak.** 2:13. Itai kuti nhumbi dzenyu dzose dzive dzisingashamise, **D&Z** 42:40. Tinodaira mukuve takachena tiine hunhu, **Mis. yeCh.** 1:13.

KUTSIGIRA VATUNGAMIRI

VECHECHI. *Onawo*

Kubvumirana kwekwose

Kutsidzira rutsigiro kune avo variku-

shanda vari muzvinzvimbo zvehutungamiri zvemusungano rose neChechi repamuri.

Isai Joshua pamberi pegungano rose, mugomupa basa vachiona, **Num.** 27:18–19. Vose vanhu vakadaidzira vakati Mwari ngavaponise mambo, **I Sam.** 10:24. Dairai maporofita vake, kuti mubudirire, **II Mak.** 20:20. Teererai avo vane utongi pamusoro penyau, **VaH.** 13:17. Muchadiwa nalshe, nokuti hamuna kutsutsumwa, **1 Ni.** 3:6. Avo vakagashira maporofita vakaponeswa, **3 Ni.** 10:12–13. Teererai kumazwi eava gumi nevaviri, **3 Ni.** 12:1. Nezwi rangu ini kana nezwi revaranda vangu, zvimwechetezvo, **D&Z** 1:38. Shoko rake muchagashira, sekunge rabva pamuromo pangu, **D&Z** 21:5. Uyo anotambira varanda vangu, anengeatambira ini, **D&Z** 84:35–38. Uyo wose anogashira ini, anengeagashira avo vandinotuma, **D&Z** 112:20. Kana vanhu vakasateerera kuizwi revanhu ava avo vandakagadza, havazoropafadzwa, **D&Z** 124:45–46.

KUTSIVIDZA. *Onawo* Ruvegu

Kutsividza kana kudzorera zvaku-kuvadza kana mhosva.

Mwari venyu achauya nokutsividza, **Isa.** 35:4. Kutsividza ndekwangu; Ndicharipa, **VaR.** 12:19 (Morm. 3:15; 8:20). Munondo wekutsividza unoremba pamusoro pake, **Morm.** 8:40–41. Ndichatora kutsividza pamusoro pevakaipa, nokuti havadi kutendeuka, **D&Z** 29:17. Muponesi akauya mumazuva ehuipe nekutsividza, **Mos.** 7:45–46.

KUTSUTSUMWA. *Onawo*

Hupanduki

Kutsutsumwa nokugununa pamusoro pezvinangwa hurongwa kana varanda vaMwari.

Vanhu vakatsutsumwa pamusoro paMosesi, **Eks.** 15:23–16:3. Majuda akazotsutsumwirawo Jesu, **Joh.** 6:41. Ramani naRemueri vakatsutsumwa muzvinhu zvizhinji, **1 Ni.** 2:11–12 (1 Ni. 3:31; 17:17). Musatsutsumwe pamusoro pezvinhu zvamusati maona, **D&Z** 25:4.

KUTSVENESWA. *Onawo*

Dzikinura; Jesu Kristu; Natsa

Tsika yekuve wakasununguka kubva muchitadzo, usina uipi, wakachena, uye mutsvene kuburikidza nerudziki-nuro rwaJesu Kristu (Mos. 6:59–60).

Mwari vakusarudzai kuruponeso kuburikidza nekutsveneswa kweMweya, **II VaT.** 2:13. Tinotsveneswa kuburikidza nokupirwa kwemuviri waKristu, **VaH.** 10:10. Jesu akatambudzika kuti achene vanhu neropa rake, **VaH.** 13:12. Vapisita vepamusoro vakatsveneswa uye nhumbi dzavo dzikagezwa dzikave chena kuburikidza neropa reGwayana, **Aru.** 13:10–12. Rutsveneswo rwunouya kune avo vanopira mwoyo yavo kuna Mwari, **Hir.** 3:33–35. Tendekai kuti mugocheneswa nokugashira Mweya Mutsvene, **3 Ni.** 27:20. Rutsveneswo kuburikidza nenyasha dzaJesu Kristu dzakarurama nderwechokwadi, **D&Z** 20:31. Jesu akauya kuzochenesa nyika, **D&Z** 76:41. Zvichenesei kuti pfungwa dzenyu dzive pamwechete naMwari, **D&Z** 88:68.

KUTUKWA. *Onawo* Kuraswa;

Kusvibisaa

Mumagwaro matsvene, kutukwa kunnza murau unoyera kuti ubvumire kana kuunza kutongwa nezvakaipa zvinotitika pachinhu, munhu, kana vanhu kazhinji pamusana pekusarurama. Kutukwa kuratidza kwaMwari rudo rwunoyera nekuenzanisa kungangoitwa naMwari pachavo kana kutaurwa nevaranda vavo vane mvumo. Dzimwe nguva, zvikonzero zvakazara zvekutukwa zvinozivikanwa naMwari chete. Pamusoro paizvozvo, chinhanho chekutukwa chinonzwika neavo vanoramba kuteerera Mwari vachida uye nokudaro vachibva vazvibvisa paMweya waIshe.

Ishe vangabvise kutukwa pamusana pekutenda kwemunhu kana vanhu kuna Jesu Kristu nokuteerera mumirau nezvisungo zvevhangeri (Aru. 23:16–18, 3 Ni. 2:14–16; Mis. yeCh. 1:3).

Mwari vakatuka nyoka pamusana

pekunyengedza Adama naEva, **Gen.** 3:13–15 (Mos. 4:19–21). Ivhu rakatukwa pamusana paAdama naEva, **Gen.** 3:17–19 (Mos. 4:23–25). Ishe vakatuka Kaini pamusana pekuuraya kwaakaita Aberi, **Gen.** 4:11–16 (Mos. 5:22–41). Ishe vakatuka Kanani nezvizvarwa zvake, **Gen.** 9:25–27 (Mos. 7:6–8; Abr. 1:21–27. Israeri icharopafadzwa kana ichiteerera Mwari, nekutukwa kana isingateerere, **Deut.** 28:1–68 (Deut. 29:18–28). Gehazi nezvizvarwa zvake vakatukwa nemaperembudzi aNaamani, **II Madz.** 5:20–27. Ishe vakatuka rudzi rwakare rwaIsraeri nokusabvisa chegumi nemipiro, **Mara.** 3:6–10. Jesu akatuka muwonde ukafa, **Marko** 11:11–14, 20–21. Jesu akatuka maguta eChorazini, Betsaida, neKapernaume, **Ruka** 10:10–15. Pamusana pekuti maRamani akanga asingade kuteerera kuna Ishe, vakatsaurwa kubva pamberi palshe vakatukwa, **2 Ni.** 5:20–24. Vose vanokokwa kuuya kuna Mwari, **2 Ni.** 26:33. Ishe vachatuka avo vanoita upombwe, **Jak.** 2:31–33. Manifai achagashira kutukwa kukuru kunopfuura kwemaRamani kunze kwekunge vatendeuka, **Jak.** 3:3–5. Vanhu vanopanduka vanozviinzira kutukwa pamusoro pavo, **Aru.** 3:18–19 (Deut. 11:26–28). Koriho akatukwa pamusana pekutungamirira vanhu achivabvisa kuna Mwari, **Aru.** 30:43–60. Ishe vakatuka nyika neupfumi hwemaNifai pamusana pekuipa kwevanhu, **Hir.** 13:22–23 (2 Ni. 1:7; Aru. 37:31). Ishe vakatuka maJaredhi akaipa, **Eta** 9:28–35. Rudzikinuro rwaKristu rwunobvisa kutukwa kwaAdama kuvana vadiiki, **Moro.** 8:8–12. Avo vanobva kuna Ishe vanotukwa, **D&Z** 41:1. Pasi pacharohwa nokutukwa kunze kwekunge paine kusungwa neutare pakati pemadzibaba nevana, **D&Z** 128:18 (Mara. 4:5–6).

Kushora: Kutuka kushandisawo muturo unoshora, unotuka Mwari, kana kushoropodza.

Vanhu havafanire kutuka vana baba kana vanamai vavo, **Eks.** 21:17 (Mat. 15:4). Musatuke avo vanokutongai,

Eks. 22:28 (Mpa. 10:20). Varume nevakadzi havafanire kutuka Mwari, **Rev.** 24:13–16. Petro akatuka paakaramba kuti anoziva Jesu, **Mat.** 26:69–74. Ma-Nifai akaipa akatuka Mwari uye akada kufa, **Morm.** 2:14.

KUTUNHWA. *Onawo* Mweya Mutsvene; Zvakazarurwa

Kutungamirwa kutsvene kunopihwa munhu naMwari. Kutunhwa kazhinji kunouya neMweya nenzira dzakasiyana siyana kupfungwa kana mwoyo wemunhu.

Mushure memoto kwakauya kazwi kapfava kadiki, **I Madz.** 19:12. Mweya Mutsvene uchakudzidzisa zvose zvinhu uye ugounza zvose zvinhu mukuyeuka kwenyu, **Joh.** 14:26. Mweya wechokwadi uchakutungamirai muchokwadi chose, **Joh.** 16:13. Ndatungamirwa neMweya, ndisati ndaziva zvinhu zvandaifanira kuita, **I Ni.** 4:6. Izwi raIshe rakauya mupfungwa dzangu, **Eno.** 1:10. Chose chinokoka uye chinokwezva kuita zvakana chintunhwa naMwari, **Moro.** 7:13–16. Handina kutaura runyararo here kupfungwa dzako? **D&Z** 6:23. Ndichakutaurira mupfungwa mako nemumwoyo mako, **D&Z** 8:2. Mweya wangu uchajekesa pfungwa dzako, zvichazadza mweya wako nemufaro, **D&Z** 11:13. Zvichapihwa kwauri muchinguva ichocho zvauchataura kana kunyora, **D&Z** 24:6 (D&Z 84:85). Kazwi kakapfava kadiki kanozevezera nokubaya zvinhu zvose, **D&Z** 85:6.

KUTYA. *Onawo* Hushingi; Ruremekedzo; Rutendo

Kutya kunogona kureva zvinhu zviviri: (1) kutya Mwari, kunzwa kuremekedza nokumutya nokuteerera mirairo yavo; (2) kutya munhu, ngozi dzinopfuura, kurwadza, nekuipa kutya zvinhu zvakadaro nekuzvizeza.

Kutya Mwari: Chokwadi kutya Mwari hakusi munzvimbo ino, **Gen.** 20:11. Munofanira kutya Ishe Mwari venyu, **Deut.** 6:13 (Josh. 24:14; I Sam. 12:24). Shandirai Ishe nokutya, **Mpi.** 2:11. Ku-

tya Mwari ndiko kutanga kweungwaru, **Mpi.** 111:10. Itayi Ishe mubve kune zva-kaipa, **Zir.** 3:7. Zvichave zvakana kwavari vanotywa Mwari, **Mpa.** 8:12. Shandirai ruponeso rwenyu nokutya nokudedera, **VaF.** 2:12. Itayi Mwari, mupe kubwinya kwavari, **Zvaka.** 14:7 (D&Z 88:104). Vaporofita vaimutsa vanhu nguva dzose kuti vagare mukutya Ishe, **Eno.** 1:23. Aruma nevanakomana vaMosaya vakawira pasi, nokutya Ishe kwakauya pavari, **Aru.** 36:7. Sevenzai ruponeso rwenyu nokutya nokubvunda, **Morm.** 9:27. Avo vasinganditye, ndichavakanganisa ndokonzera kuti vadedere, **D&Z** 10:56. Uyo anonditya achatarisira zviratidzo zvekuuya kweMwanakomana weMunhu, **D&Z** 45:39.

Kutya munhu: Usatye, nokuti ndinewe, **Gen.** 26:24 (Isa. 41:10). Ishe vanesu: musavatye, **Num.** 14:9. Musatye: nokuti avo vanesu vazhinji, **II Madz.** 6:16. Handizoty chingaitwe nyenya, **Mpi.** 56:4. Musatya kutuka kwevanhu, **Isa.** 51:7 (2 Ni. 8:7). Mwari havana kutipa mweya wekutya, **II Tim.** 1:7. Rudo rwakakwana rwunotanda kutya, **I Joh.** 4:18 (Moro. 8:16). Vanakomana vaHiramani vakanga vasingatye rufu, **Aru.** 56:46–48. Kutya rufu kunozadza zvipfuva zvevakaipa, **Morm.** 6:7. Musatye zvingaitwe nemunhu, **Moro.** 8:16. Hamufanire kunge makatya munhu kupfuura Mwari, **D&Z** 3:7 (D&Z 30:1, 11; 122:9). Musatye kuita zvakana, **D&Z** 6:33. Ani nani zvake muhechi yangu haafanire kutya, **D&Z** 10:55. Kana makagadzira hamuzoty, **D&Z** 38:30. Zvikamurei kubva mukutya, **D&Z** 67:10. Ivai munofara, uye musatya, nokuti Ini Ishe ndinemi, **D&Z** 68:6. Musatye vavengi venyu, **D&Z** 136:17.

KUUNGANA KWEISRAERI. *Ona* Israeri—Kuungana Kwelsraeri

KUUYA KWECHIPIRI KWAJESU KRISTU. *Onawo* Gogi; Harmagedoni; Jesu Kristu; Magogi; Zviratidzo zveNguva

Mukutanga kweMirenia, Kristu achau-

yazve panyika. Chiitiko ichi chichatara kupera kweupenyu hunoguma nekufa hwekuedzwa pano pasi. Vakaipa vachabviswa pano pasi uye vakarurama vachabatwa muguti pasi richichenesesa naizvazvo. Pasina munhu anonyatsoziva chaizvo kuti Kristu anouya rinhi kechipiri, akatipa zviratidzo zvekutarisa zvinoratidza kuti nguva yave kusebera pedyo (Mat. 24; JS—Mat. 1)

Ndinoziva kuti mununuri wangu achamira muzuva rekupedzisira pano pasi, **Jobo** 19:25. Kwandiri rose ibvi richapfugama, rwose rurimi rwuchapika, **Isa.** 45:23 (D&Z 88:104). Mwanakomana weMunhu akauya nemakore ekudenga, **Dan.** 7:13 (Mat. 26:64; Ruka 21:25–28). Vachatarisa kwandiri ini wavakabaya, **Zek.** 12:10. Mumwe achati, Ko aya marondai ari mumaoko ako? **Zek.** 13:6 (D&Z 45:51). Ndiani angagare muzuva rekuuya kwake? Nokuti akafanana nemoto wemutsetsi, **Mara.** 3:2 (3 Ni. 24:2; D&Z 128:24). Mwanakomana wemunhu achauya ari mukubwinya kwaBaba vake, **Mat.** 16:27 (Mat. 25:31). Kwezuva iroro kana nguva hakuna munhu anoziva, asi baba vangu chete, **Mat.** 24:36 (D&Z 49:7; JS—Mat. 1:38–48). Iyeyu Jesu mumwecheteyo achauya nenzira yakafanana neyamakaona achienda kudenga, **Mabasa** 1:11. Ishe pachake achaburuka kubva kudenga, **I VaT.** 4:16. Zuva ralshe richauya sembavha usiku, **II Pet.** 3:10. Ishe vanouya nemakumi ezviuru zvevate-ndi vake, **Jud.** 1:14. Anouya nemakore; uye rose ziso richamuona, **Zvaka.** 1:7. Jesu achasimuka kuzotonga nyika, **3 Ni.** 27:14–18. Gadzirirai, gadzirirai, nokuti Ishe vava pedyo, **D&Z** 1:12. Ndichazviratidza pachangu kubva kudenga nesimba, ndogara pano pasi kwechiuru chemakore, **D&Z** 29:9–12. Simudza izwi rako udaidzire kutendeuka, uchigadzira nzira yaIshe yekuuya kwake kwechipiri, **D&Z** 34:5–12. Nдини Jesu Kristu, ndichaerekana ndauya kutemberi yangu, **D&Z** 36:8 (D&Z 133:2). Zuva riri kusvika zvino zvino rekuti mundione, mugoziva kuti ndini, **D&Z** 38:8. Uyo anonditya achange

achitsvaga zviratidzo zvekuuya kweMwanakomana weMunhu, **D&Z** 45:39. Chiso chaIshe chichafugurwa, **D&Z** 88:95. Zuva guru rinotyisa ralshe rave pedyo, **D&Z** 110:16. Apo Muponesi achazviratidza tichamuona sezvaari, **D&Z** 130:1. Muponesi achamira pakati pevanhu vake uye achatonga, **D&Z** 133:25. Ndiani uyu anouya pasi kubva kuna Mwari kudenga nenhumbi dzakashandurwa ruvara, **D&Z** 133:46 (Isa. 63:1).

KUVACHAKO. *Onawo* Abrahama—
Mbeu yaAbrahama; Israeri; Vana
vaKristu; Vanakomana
neVanasikana vaMwari

Magwaro matsvene anotaura nendudzi mbiri dzekuita chako.

(1) Munhu asiri wemutsetse wemaIsraeri anove nhengo yemhuri yaAbrahama nempa yaIsraeri nekuve nerutendo muna Jesu Kristu, atendeuka, obhabhatidzwa nokunyikwa, noku-gamuchira Mweya Mutsvene (2 Ni. 31:17–18; D&Z 84:73–74; Abr. 2:6, 11).

(2) Vose vakagashira zvisungo zvinoponesa zvehangeri vanove vanakomana nevanasikana vaJesu Kristu nokuramba vachiteera kumitemo yake (VaR. 8:15–17; VaG. 3:24–29; 4:5–7; Mosaya 5:7–8).

KUVE NEPFUNGWA
DZAKARERUKA. *Onawo*
Kutaura zvakaipa

Kubata zvisina rukudzo zvinhu zvinopera (D&Z 84:54).

Vatendi havafanire kuve nepfungwa dzineusimba, kana kuseka kwakapfufurikidza, **D&Z** 88:69. Regai zvole zvekuzvikudza nekurerutsa pfungwa, **D&Z** 88:121.

KUVIMBIKA. *Ona* Anovimbika

KUWADZANA. *Onawo* Kubatana;
Rudo

KuVatendi vaMazuva Ekupedzisira, kuwadzana kunosanganisa kupa ushamwari hunovaraidza, kushandira, kusimudzira, nekusimbisa vamwe.

Ida muvakidzani wako sezvaunozviita, **Rev.** 19:18 (Mat. 19:19; D&Z 59:6). Kana mapinduka, simbisai hama dzenyu, **Ruka** 22:32. Muri vadzidzi vangu kana muchidanana, **Joh.** 13:35. Ipa zvekudya hwai dzangu, **Joh.** 21:15–17. Vakakumbira kuti tizvitore pachedu zvekumwanzana kwekushandira vatendi, **II VaKori.** 8:1–5. Kuwadzana kwehu kuri kuna Baba, nekuMwanakomana wavo, **I Joh.** 1:3. MaNifai nemaRamani vaiwadzana mumwe nemumwe, **Hir.** 6:3. Regai wose munhu akudze hama yake sezvaunozviita iye, **D&Z** 38:24–25. Kana musiri vamwechete hamusi vangu, **D&Z** 38:27. Ndinokugamuchirai mukuwadzana kuti ndive shamwari nehama yenyu, **D&Z** 88:133.

KUZIVA KUBURIKIDZA NEMWEYA, CHIPO CHE.

Onawo Zvipo zveMweya

Kunzwisisa kana kuziva chimwe chinhu kuburikidza nesimba reMweya. Chipochekuziva chimwe chezvipo zveMweya. Chinosanganisa kuziva unhu hwevanhu hwechokwadi nepanobva nezvinoreva zviratidzo zvemweya.

Munhu anotarisa kuratidzika kwekunge, asi Ishe anotarisa pamwoyo, **I Sam.** 16:7. Nhamo kune avo vanoti chakaipa chakanaka, **Isa.** 5:20 (2 Ni. 15:20). Zvinhu zvaMwari zvinozivikanwa pamweya, **I VaKori.** 2:14. Kune vamwe vanhu kunopiwa chipochekuziva mweya, **I VaKori.** 12:10. Amoni aikwanisa kuziva pfungwa dzake, **Aru.** 18:18, 32. Kazwi kaduku kakabaya avo vakanzwa, **3 Ni.** 11:3. Kutimuszonyengedzwa, tsvakai zvipo zvakankisisa, **D&Z** 46:8, 23. Vatungamiri veChechi vanopiwa simba rekupatsanura zvipo zveMweya, **D&Z** 46:27. Uyo muviri uze nechiedza unonzwisisa zvose zvinhu, **D&Z** 88:67. Mosesi akaona pasi, achizivisa neMweya waMwari, **Mos.** 1:27.

KUZVIBATA. *Ona* Hunhu; Hupombwe; Kusazvibata nehupombwe

KUZVIDAIRIRA. *Ona* Kudavira

KUZVIFUNGIRA. *Ona*

Kuzvisarudzira

KUZVIFUNGIRA, ZERA RE. *Ona* Bhabhatidza—Rubhabhatidzo harwusi rwevana vadiki; Kudavira; Vana; Rubhabhatidzo rwepwere

KUZVIKUKUMADZA. *Ona* Kudada

KUZVININIPISA. *Ona*

Akazvininipisa

KUZVISARUDZIRA. *Onawo*

Kudavira; Kusununguka

Kwaniso nemukana unopihwa naMwari kuvanhu kuti vasarudze nokuzviitira pechavo.

Zvemimwe miti yose wakasununguka kudywa zvako, **Gen.** 2:16. Munhu haikwanisa kuzviitira ega kunze kwekunge akwezwa, **2 Ni.** 2:15–16. Vanhu wakasununguka kusarudza rusununguko neupenyu hwokusingaperi kana kuti usungwa nerufu, **2 Ni.** 2:27. Makasununguka; munobvumirwa kuzviitira pachenyu, **Hir.** 14:30. Chikamu chemuzvitatu chemhomho yekudenga chakandiramba pamusana pekuzvisarudzira kwavo, **D&Z** 29:36. Zvakafanira kuti Dhiabhorosi aedze vanhu, kana havangazove vanozvifungira, **D&Z** 29:39. Rega munhu wose azvisarudzire pachake, **D&Z** 37:4. Wose munhu anokwanisa kuita zviri maererano nekuzvibata pamafungiro ekusarudza chakaipa nechakanaka andakamupa, **D&Z** 101:78. Satani akatsvaga kuparadza kuzvisarudzira kwemunhu, **Mos.** 4:3. Ishe vakapa kumunhu kuzvisarudzira kwake, **Mos.** 7:32.

MAAMAREKAI (BHUKU RAMORMONI)

Boka remaNifai rakange rarasika pakutenda rinove ndiro rakatungamira maRamani muhondo yekuno rwise maNifai (Aru. 21–24, 43).

MAAMAREKAI (TESTAMENTE YAKARE)

Rudzi rwechiArabi rwaigara mugwenge reParani pakati peAraba neMedi-

tereni. Vaigara vachirwisana neVa-Heberu kubvira panguva yaMosesi (Eks. 17:8) kusvika kunguva dzaSauro naDavidi (I Sam. 15; 27:8; 30; II Sam. 8:11–12).

MAAMURISAI. *Ona* Amurisasi

MABASA

Mabasa emunhu, akanaka kana akai-pa. Wose munhu achanotongwa nemabasa ake.

Ishe vachapa kumunhu wose maer-rano nemabasa ake, **Zir.** 24:12. Regai chiedza chenyu chipenye pamberi pevanhu, kuti vaone mabasa enyu akanaka, **Mat.** 5:16 (3 Ni. 12:16). Uyo anoita chido chaBaba vangu achapinda mumambo hwekudenga, **Mat.** 7:21. Rutendo rwusina mabasa rwakafa, **Jkb.** 2:14–26. Vakafanira kutongwa nemabasa avo, **1 Ni.** 15:32 (Mosaya 3:24). Tinoziva kuti inyasha dzinoita kuti tiponiswe, mushure mezvose zvatingaite, **2 Ni.** 25:23. Vadzidzisei kuti vasamboneta kuita mabasa akanaka, **Aru.** 37:34. Zvinofanirwa kuti vanhu vatongwe maererano nemabasa avo, **Aru.** 41:3. Nemabasa avo muchavaziva, **Moro.** 7:5 (D&Z 18:38). Ini, Ishe, ndichatonga vanhu vose maererano nemabasa avo, **D&Z** 137:9.

MABASA AVAAPOSITORI. *Onawo* Ruka

Bhuku iri nderechipiri pabasa riri paviri rakanyorwa naRuka achinyorera Teo-firo. Chikamu chekutanga chinozivi-kanwa seVhangeri maererano naRuka.

Zvitsauko 1–12 zvine zvimwe zvinyo-rwa zvemabasa makuru eVaapositori vaneGumi neVaviri varipasi pehutu-ngamiri hwaPetro mushure mekungofa kweMuponesi nokumuka kwake ku-vakafa. Zvitsauko 13–28 zvinotsana-ngurwa nedzimwe nzendo nemabasa zveMuapositori Pauro.

MABHUKU EVHANGERI. *Onawo* Johane, Mwanakomana waZebedi; Marko; Mateo; Ruka

Zvinyorwa kana uchapupu huri pamu-soro peupenyu hwaJesu pasi pano ne-zvakaitika zviri maererano nemharidzo yake zviri mumabhuku mana ekutanga eTestamente Itsva. Zvakanyorwa na-Mateo, Marko, Ruka, naJohane, zvi-nyorwa zvinopupura nezveupenyu hwaKristu. Bhuku ra3 Nifai riri muBhu-ku raMormoni rakafanana mune nzira dzakawanda neMavhangeri mana aya eTestamente Itsva.

Mabhuku eTestamente Itsva kutanga akanyorwa nechi Giriki. Shoko rechiGi-riki *vhangeri* rinoreva “nhau dzakanaka.” Nhau dzakanaka ndedzekuti Jesu Kristu akaita rudzikinuro rwuchanu-nura rudzi rwose rwemunhu kubva kurufu rwugopa mubairo kumunhu ega-ega maererano nemabasa ake (Joh. 3:16; VaR. 5:10–11; 2 Ni. 9:26; Aru. 34:9; D&Z 76:69).

Kuwirirana kweMavhangeri: Zvidzi-dziso zveMuponesi muna Mateo, Marko, Ruka, naJohane zvinogona kuenzaniswa pachazvo uye nezvaka-zarurwa zvemazuva ekupedzisira munzira iyi:

KUWIRIRANA KWEMAVHANGERI

Chiitiko	Mateo	Marko	Ruka	Johane	Zvakazarurwa zvamazuva ekupedzisira
Madziteteguru aJesu	1:2–17		3:23–38		
Kuberekwa kwaJohane Mubapatidzi			1:5–25, 57–58		

Chiitiko	Mateo	Marko	Ruka	Johane	Zvakazarurwa zvamazuva ekupedzisira
Kuberekwa kwaJesu	2:1-15		2:6-7		1 Ni. 11:18-20; 2 Ni. 17:14; Mosaya 3:5-8; Aru. 7:10; Hir. 14:5-12; 3 Ni. 1:4-22
Huporofita zvaAna naSimeoni			2:25-29		
Kushanya kuTemberi (Paseka)			2:41-50		
Kutanga kwemharidzo yaJohane	3:1, 5-6	1:4	3:1-3	1:6-14	
Kubhabhatidzwa kwaJesu	3:13-17	1:9-11	3:21-22	1:32-34	1 Ni. 10:7-10; 2 Ni. 31:4-21
Miyedzo yaJesu	4:1-11		4:1-13		
Uchapupu hwaJohane Mubapatidzi				1:15-36	D&Z 93:6-18, 26
Mabiko emuchato kuKana (chishamiso chekutanga chaJesu)				2:1-11	
Kucheneswa kweTemberi kwekutanga				2:14-17	
Kusangana naNikodimo				3:1-10	
Mudzimai wechiSamaria patsime				4:1-42	
Jesu anorambwa paNazareta	4:13-16		4:16-30		

Chiitiko	Mateo	Marko	Ruka	Johane	Zvakazarurwa zvamazuva ekupedzisira
Vabvuvi vehove vanodaizwa kuva vabvuvi vevanhu	4:18-22	1:16-20			
Kuzadzwa kwemambure ehove kunoshamisa			5:1-11		
Kumutswa kwe-mwanasikana waJairosi	9:18-19, 23-36	5:21-24, 35-43	8:41-42, 49-56		
Kurapwa kwemukadzi waibuda ropa	9:20-22	5:25-34	8:43-48		
Kudaizwa kwevaneGumi neVaviri	10:1-42	3:13-19; 6:7-13	6:12-16; 9:1-2; 12:2-12, 49-53		1 Ni. 13:24-26, 39-41; D&Z 95:4
Kumutswa kwemwanakomana weshirikadzi			7:11-15		
Kuzodzwa kwetsoka dzaKristu			7:36-50	12:2-8	
Kunyararidzwa kwedutu		4:36-41	8:22-25		
Kudaizwa kweve Makumi Manomwe			10:1		D&Z 107:25, 34, 93-97
Kutandira Mweya yakaipa yaana regioni munguruve		5:1-20			
Mharidzo yePagomo	5-7		6:17-49		3 Ni. 12-14

Chiitiko	Mateo	Marko	Ruka	Johane	Zvakazarurwa zvamazuva ekupedzisira
----------	-------	-------	------	--------	---

Mifananidzo yaJesu ingano pfupi dzinoenzanisa chinhu chemazuva ose kana chiitiko kuchokwadi. Jesu aiwanzoishandisa kuti adzidzise chokwadi chemweya.

Mukushi:	13:3–9, 18–23	4:3–9, 14–208:4–8, 11–15			
Sawi:	13:24–30, 36–43				D&Z 86:1–7
Mbeu yemasitadi:	13:31–32	4:30–32	13:18–19		
Mbiriso:	13:33		13:20–21		
Pfuma iri mumunda:	13:44				
Dombo remutengo mukuru:	13:45–46				
Mambure emubvuvi wehove:	13:47–50				
Mwene wemba:	13:51–52				
Hwai dzakarasika:	18:12–14		15:1–7		
Mari yarasika:			15:8–10		
Mwana muparadzi:			15:11–32		
Muranda asina tsitsi:	18:23–35				
MuSamaria akanaka:			10:25–37		
Mutariri akaipa:			16:1–8		

Chiitiko	Mateo	Marko	Ruka	Johane	Zvakazarurwa zvamazuva ekupedzisira
Razaro nemurume akapfuma:			16:14–15, 19–31		
Mutongi akaipa:			18:1–8		
Mufudzi Akanaka:				10:1–21	3 Ni. 15:17–24
Vashandi vemumunda wemizambiringa:	20:1–16	10:31			
Mapondo:			19:11–27		
Vanakomana Vaviri:	21:28–32				
Murimi ane hutsinye:	21:33–46	12:1–12	20:9–20		
Muchato we- mwanakomana wamambo:	22:1–14		14:7–24		
Mhandara gumi:	25:1–13		12:35–36		D&Z 45:56–59
Zvipo:	25:14–30				
Hwai, mbudzi:	25:31–46				
Kupa zvekudya kuzviuru zvishanu	14:16–21	6:33–44	9:11–17	6:5–14	
Jesu anofamba pamusoro pemvura	14:22–23	6:45–52		6:16–21	
Uchapupu hwa- Petro pamusoro paKristu	16:13–16	8:27–29	9:18–20		
Petro akavimbi- swa makiyi emuumambo	16:19				

Chiitiko	Mateo	Marko	Ruka	Johane	Zvakazarurwa zvamazuva ekupedzisira
Mharidzo yeChingwa cheUpenyu				6:22–71	
Kurapwa kwemurume bofu musi weSabata				9:1–41	
Kupinduka kwo-muviri; makiyi ehupirisita asungirirwa	17:1–13	9:2–13	9:28–36		D&Z 63:20–21; 110:11–13
Kuropafadzwa kwevana	19:13–15	10:13–16	18:15–17		
Munamato waIshe	6:5–15		11:1–4		
Razaro anodzorerwa				11:1–45	
Kupinda norukundo	21:6–11	11:7–11	19:35–38	12:12–18	
Vachinji vemari vakatandirwa pane petemberi	21:12–16	11:15–19	19:45–48		
Chipocheshirikadzi		12:41–44	21:1–4		
Hurukuro pamusoro peKuuya kweChipiri	24:1–51	13:1–37	12:37–48; 17:20–37; 21:5–38		D&Z 45:16–60; JS—Mat. 1:1–55
Kurapwa kwevemaperebudzi gumi			17:12–14		
Paseka yaJesu yekupedzisira; sakaramende inoitwa; zvidzidzo kune vaneGumi neVaviri; kugezwa kwetsoka dzevadzidzi	26:14–32	14:10–27	22:1–20	13–17	

Chiitiko	Mateo	Marko	Ruka	Johane	Zvakazarurwa zvamazuva ekupedzisira
Kutambudzika kwaJesu muGetsemani	26:36–46	14:32–42	22:40–46		2 Ni. 9:21–22; Mosaya 3:5–12; D&Z 19:1–24
Jesu ndiye munzaviringa				15:1–8	
Kutengesa kwaJudasi	26:47–50	14:43–46	22:47–48	18:2–3	
Kutongwa pamberi paKayafasi	26:57	14:53	22:54, 66–71	18:24, 28	
Kutongwa pamberi paPirato	27:2, 11–14	15:1–5	23:1–6	18:28–38	
Kutongwa pamberi paHerode			23:7–10		
Jesu anorohwa nokutukwa	27:27–31	15:15–20		19:1–12	
Kuroverwa	27:35–44	15:24–33	23:32–43	19:18–22	Hir. 14:20–27; 3 Ni. 8:5–22; 10:9
Kumuka kuvakafa	28:2–8	16:5–8	24:4–8		
Kuzvionesa kwaJesu kuvadzidzi		16:14	24:13–32, 36–51	20:19–23	
Kuzvionesa kwaJesu kuna Tomasi				20:24–29	
Kukwira kudenga		16:19–20	24:50–53		

MABHUKU MATSVENE. *Ona*

Zvinyorwa zvinoera

MACHINDA AMAMBO

Mubhuku raMormoni, chikwata chaida kubvisa hurumende yemaNifai (Aru. 51:1-8).

MADZIMAMBO. *Onawo* Kuronga nenguva

Mabhuku maviri ari muTestamente yaKare. Mabhuku aya ane nhoroondo yerungano rwaIsraeri kubvira pakupanduka kwaAdonia, mwanakomana wechina waMambo Davidi (munana 1015 Kristu asati azvarwa), kusvika pahusungwa hwekupedzisira hwaJuda (munana 586 Kristu asati azvarwa). Anosanganisa rungano rwose rweumambo hwekuchamhembe (marudzi gumi aIsraeri) kubvira pakuparadzana kudakara maAsiria avatora muhunhapwa munyika dzekuchamhembe.

Madzimambo weKutanga: Chitsauko 1 chinotsanangura mazuva ekupedzisira epenyu hwaMambo Davidi. Zvitsauko 2-11 zvine zveupenyu hwaSoromoni. Zvitsauko 12-16 zvinoudza nezvevaktora nzvimbo yaSoromoni pakarepo, Rehoboami naJeroboami. Jeroboami ndiye akakonzera kupatsurana kweumambo hwaIsraeri. Mamwe madzimambo anotaurwawo. Zvitsauko 17-21 zvine zvidumbu zvekuparidza kwaErija achitsiura Ahabi, mambo weIsraeri. Chitsauko 22 chinotaura nezvehondo neSiria umo munoti Ahabi naJehoshafati, mambo waJuda, vanobatanidza mawuto. Muporofita Mikaya anoporofita zvinopesana nemadzimambo.

Madzimambo weChipiri: Chitsauko 1-2:11 chinonderera neupenyu hwaErija, kusanganisa nekukwira kwaErija kuenda kudenga ari mungoro yemoto. Zvitsauko 2-9 zvinotaura basa raErisha rerutendo nesimba guru. Chitsauko 10 chinotaura nezva Jehu, mambo, nokuparadza kwaakaita imba yaAhabi nevapirisita vaBaari. Zvitsauko 11-13 zvine zvekutonga kwakarurama kwaJehoashi norufu rwaErisha. Zvitsauko 14-17

zvinotaura nezvemadzimambo akasiyana siyana akatonga muIsraeri nemuJuda, kazhinji mukuipa. Chitsauko 15 chine zvekusungwa neAsiria kwemarudzi gumi eIsraeri. Zvitsauko 18-20 zvine zvekukurama kweupenyu hwaHezekia, mambo weJuda, nemuporofita Isaya. Zvitsauko 21-23 zvinotaura nezvemadzimambo Manase naJosia. Maererano netsika, Manase ndiye aiziva nezvekufira vhangeri kwaIsaya. Josia aive mambo akarurama uyo akaisa zvakare murau mukati memaJuda. Zvitsauko 24-25 zvine zvinyorwa zvehusungwa hwekuBabironi.

MAFASHAMO MUNGUVA

DZANO. *Onawo* Areka; Mutswi; Noa, Tateguru vemuBhaibheri

Munguva dzaNoa pasi rose rakanyatsonzi kwidibirwa nemvura. Uku kwaive kubhabhatidzwa kwepasi zve uri mucherechedzo wekusuka (I Pet. 3:20-21).

Mwari vachaunza mafashamo emvura pamusoro penyika kuti vaparadze yose nyama, **Gen.** 6:17 (Mos. 7:34, 43, 50-52; 8:17, 30). Mvura yemafashamo yakavepo panyika, **Gen.** 7:10. Mwari vakaisa uta mugore sechiratidzo chechibvumirano, **Gen.** 9:9-17. Mushure mekunge mvura yaserera, nyika yeAmerica yakave nyika yakasarudzwa, **Eta** 13:2. Vakaipa vachaparara mumafashamo, **Mos.** 7:38; 8:24.

MAFUTA. *Onawo* Kuropafadza vanorwara; Muti wemuOrivhi; Zodza

Kazhinji mafuta emuorivhi ndiwo anenge achirehwa panotaurwa zvemafuta mumagwaro matsvene. Kubvira munguva dzeTestamente yaKare, mafuta emuorivhi anoshandiswa pane zvinoitwa mutemberi nemutabernakeri, mukuzodza, kupisa mumarambi, nemukudya. Mafuta emuOrivhi dzimwe nguva anoshandiswa serupawo rwekuchena nekuMweya Mutsvene nebasa rawo (I Sam. 10:1, 6; 16:13; Isa. 61:1-3). Mupirisita achaisa mafuta pamhende-

rekedzo yenzeve yekurudyi, **Rev.** 14:28–29. Ishe andituma kuti ndizokuzodza kuti uve mambo wevanhu vake, **I Sam.** 15:1. Gaba remafuta reshirikadzi harin kupera, **I Madz.** 17:10–16. Ishe vano-zodza musoro wangu nemafuta, **Mpi.** 23:5. Vakazodza nemafuta vazhinji avo vairwara, **Marko** 6:13. Regai magosa amunamatire, vachimuzodza nemafuta, **Jkb.** 5:13–15. Ivai nemarambi akadimirirwa achibvira uye imi muine mafuta, **D&Z** 33:17 (Mat. 25:1–13).

MAGOGI. *Onawo* Gogi; Kuuya kwechipiri kwaJesu Kristu

MuBhaibheri, nyika nevanhu vari pedyo neBlack Sea. Mambo wavo, Gogi, achatungamira mawuto eMagogi muhondo huru yekupedzisira kusati kwave nekuuya kwechipiri kwaKristu (Ezk. 38:2; 39:6). Magwaro matsvene anotaura nezve imwe hondo huru yaGogi neMagogi mukupera kweMereniamu pakati pemawuto aMwari nemawuto ezvakaipa (Zvaka. 20:7–9; D&Z 88:111–116).

MAGWARO APAURO. *Onawo* Misoro imwe neimwe yemagwaro; Pauro

Mabhuku gumi nemana muTestamente Itsva akanga, pakutanga, ari tsamba dzakanyorwa neMuapostori Pauro kunhengo dzeChechi. Dzinogona kuiswa muzvikwata sezvizi:

I naII VaTesaronika (50–51 Kristu azvarwa)

Pauro akanyorera magwaro kuVaTesaronika ari kuKorinte panguva yerwendo rwake rwehushumiri rwechipiri. Basa rake muTesaronika rinotsanangurwa muna Mabasa 17. Aida kudzokera kuTesaronika, asi akatadza kuzviita (I VaT. 2:18). Saka nokudaro akatumira Timotio kunokuridzira vakatendeuka nokuzomuunzira shoko rekuti vari kudii. Rugwaro rwekutanga raida kuratidza kutenda kwake pakudzoka kwaTimotio. Rugwaro rwechipiri rakanyorwa kwangopfuura chinguva chidiki-diki.

I naII VaKorinte, VaGaratia, VaRoma (55–57 Kristu azvarwa)

Pauro akanyora magwaro kuVaKorinte panguva yerwendo rwake rwechitatu rwekupindura mibvunzo nokugadzirisa kusagadzikana kwezvinhu pakati peVatendi muKorinte.

Rugwaro rweVaGaratia ringangove rakanyorwa kumapazi eChechi mazhinji muGaratia yose. Dzimwe nhengo dzeChechi dzakange dzosiya vhangeri dzoda murau wemaJuda. Mutsamba iyi, Pauro akatsanangura basa remurau waMosesi nokukosha kwekunamata kwemweya.

Pauro akanyorera rugwaro kuVaRoma ari kuKorinte, muchikamu achigadzirira Vatendi veRoma kurwendo rwaakanga achitarisira kuita kwavari. Tsamba iyi yaisimbisa zvakare dzidziso dzaipikiswa nevamwe vemaJuda vakanga vatendeukira kuChikristu.

VaFiripi, VaKorose, VaEfeso, Firemoni, VaHeberu (60–62 Kristu azvarwa)

Pauro akanyora magwaro aya ari mutirongo kwenguva yekutanga muRoma.

Pauro akanyorera magwaro kuVaFiripi kunyanya kutaura kutenda kwake nerudo rwake kuVatendi vemaFiripo nokuvafadza mukugumburwa kwavo nokuiswa kwake mutirongo kwenguva refu.

Pauro akanyora rugwaro kuVaKorose nepamusana pekuti Vatendi vechiKorose vakanga vachiwira mukunganisa kwakaipa zvikuru. Vaidaira kuti kwakwana kunounzwa nekuchenjerera kutarisa zvisungo zvekunze chete pane kudziridza unhu hwakafanana nehwaKristu.

Rugwaro rwemaEfeso rinokosha zvikuru, nokuti rine kudzidzisa kwaPauro nezveChechi yaKristu.

Rugwaro kunaFiremoni itsamba yake inotaura nezvaOnesimo, nhapwa yakanga yapazira tenzi wayo, Firemoni, ndokutizira kuRoma. Paura akadzorera Onesimo kuna tenzi wake netsamba yaikumbira kuti Onesimo aregererwe.

Pauro akanyora rugwaro kumaHeberu kunhengo dzeChechi dzechi-

Juda achivanyengetedza kuti mutemo waMosesi wakanga wazadzikiswa muna Kristu nokutiwo mutemo wevhangeri raKristu ndiwo wakatora nzvimbo yawo.

Inall Timotio, Tito (64–65 Kristu azvarwa)

Pauro akanyora magwaro aya mushure mekusunungurwa kubva mutirongo muRoma kwenguva yekutanga.

Pauro akafamba kuenda kuEfeso, uko kwaakasiya Timotio kuti amise makuhwa akasiyana-siyana, iye aine pfungwa dzekuzodzokera zvakare. Akanyora rugwaro rwake rekutanga kuna Timotio, zvimwe ari kuMakedonia, kuraira nokumukuridzira mukuzadzikisa basa rake.

Pauro akanyora rugwaro rwake kuna Tito panguva yaakanga asunungurwa kubva mutirongo. Angangove akambo-shanyira Krita, uko kwaishanda Tito. Tsamba iyi inotaura zvikuru nokugara kwakarurama nekuzvibata muChechi.

Pauro akanyora rugwaro rwake rechipiri kuna Timotio ari mutirongo kechipiri, chinguva chidiki-diki asati aurairwa rutendo rwake. Rugwaro iri rune mazwi aPauro ekupedzisira ichiritidza kusatya kunoshamisa nokuvimba kwaakatarisa nako rufu.

MAGWARO MASHANU

EMUTEMO. *Onawo*

Deutoronomio; Eksodo; Genesi; Mosesi; Numeri; Revitiko; Testamente yaKare

Zita rinopiwa kumabhuku mashanu ekutanga muTestamente yaKare—Genesi, Eksodo, Revitiko, Numeri, naDeutoronomio. MaJuda anoti mabhuku aya anonzi Tora kana kuti mutemo weIsraeri. Akanyorwa naMosesi (1 Ni. 5:10–11).

MAGWARO MATSVENE. *Onawo*

Bhaibheri; Bhuku raMormoni; Dombo Remutengo Mukuru; Dzidziso neZvibvumirano; Kuronga nenguva; Shoko raMwari; Zvinorwa Zvinoera

Mazwi, akanyorwa neakataurwa,

nevanhu vatsvene vaMwari vatunhwa neMweya Mutsvene. Zvinorwa zvi-tsvene zviri pamutemo zvinemvumo zveChechi nhasi uno zvinosanganisa Bhaibheri, Bhuku raMormoni, Dzidziso neZvibvumirano, neDombo Remutengo Mukuru. Jesu nevanयोri veTestamente Itsva vaitora mabhuku emuTestamente yaKare semagwaro matsvene (Mat. 22:29; Joh. 5:39; II Tim. 3:15; II Pet. 1:20–21).

Mwoyo yedu haina kutsva mukati medu here, paakanga achivhura kwatiri magwaro matsvene, **Ruka** 24:32. Nzverai magwaro matsvene; nokuti maari munofunga kuti mune upenyu hwokusingaperi: uye ndiwo anopupura pamusoro pangu, **Joh.** 5:39. Mashoko aKristu achakataurirai zvose zvinhu zvamakafanira kuita, **2 Ni.** 32:3. Vose avo vanotungamirwa mukudaira magwaro matsvene vakasimba vasingatsukunyuki murutendo, **Hir.** 15:7–8. Vanhu vanokanganisa mukumonyrotsa magwaro matsvene uye havaanzwisise, **D&Z** 10:63. Aya mashoko zvaazi evanhu kana emunhu, asi ndeangu, **D&Z** 18:34–36. Kuuya kweBhuku raMormoni kunoratidza kunyika kuti magwaro matsvene ndeekhwadi, **D&Z** 20:2, 8–12. Itai nguva yenyu iperere mukudzidza magwaro matsvene, **D&Z** 26:1. Magwaro matsvene anopiwa kuti araire Vatendi, **D&Z** 33:16. Magwaro matsvene anopivirwa kuruponeso rwevakasarudzwa, **D&Z** 35:20. Dzidzisi mitemo yevhangeri rangu, iri muBhaibheri nemuBhuku raMormoni, **D&Z** 42:12. Mitemo yangu pamusoro pezvinhu izvi inopiwa mumagwaro matsvene angu, **D&Z** 42:28. Chose zvacho chinotaurwa mukutunhwa kweMweya Mutsvene igwaro dzvene, **D&Z** 68:4.

Magwaro matsvene akarasika: Kune magwaro mazhinji anoera anotaurwa mumagwaro matsvene atisina nhasi uno, pakati pawo paine mabhuku aya nevanयोri: chibvumirano (Eks. 24:7), hondo dzalshe (Num. 21:14), Jashari (Josh. 10:13; II Sam. 1:18), mabasa

aSoromoni (I Madz. 11:41), Samueri muoni (I Mak. 29:29), Natamu muporofita (II Mak. 9:29), Shemaya muporofita (II Mak. 12:15), Ido muporofita (II Mak. 13:22), Jehu (II Mak. 20:34), kutaura kwevaoni (II Mak. 33:19), Enoki (Jud. 1:14), nemashoko aZenoki, Niamu, naZeni (1 Ni. 19:10), Zenosi (Jak. 5:1), Zenoki naEziasi (Hir. 8:20), nebuku rendangariro (Mos. 6:5); nemagwaro kuva Korinte (I VaKori. 5:9), kuVaEfeso (VaE. 3:3), nekubva kuva Raodikea (VaKoro 4:16).

Mgwaro matsvene anofanira kuchengetedzwa: Takafanira kuwana zvinyorwa izvi kuti tichengetedze mashoko akataurwa nemaporofita, **1 Ni.** 3:19–20. Ndakafanira kuchengetedza mahwendefa aya, **Jak.** 1:3. Zvinhu izvi zvachengetwa zvichengetedzwa neruoko rwaMwari, **Mosaya** 1:5. Chengetedza zvinhu izvi zvinoera, **Aru.** 37:47. Magwaro matsvene achachengetedzwa pasina ngozi, **D&Z** 42:56. Shandisai kukwanisa kwose kwamuina kuachengetedza, **Nh—JS** 1:59.

Kukosha kwemagwaro matsvene: Muchaverenga mutemo uyu pamberi pelsaeri yose, **Deut.** 31:10–13. Iri bhuku remutemo harichabuda kubva mumuromo wako, **Josh.** 1:8. Mutemo waishe wakakwana, unopindutsa mweya, **Mpi.** 19:7. Izwi rako mwenje kutsoka dzangu, **Mpi.** 119:105. Magwaro matsvene anondipupurira, **Joh.** 5:39. Ose magwaro matsvene anopiwa nekufemerwa naMwari zvichibatsira kudzidzisa nekuraira, **II Tim.** 3:15–16. Ndakafanidza magwaro matsvene ose nesu, kuti zvive zvechiyamuro nokudzidza, **1 Ni.** 19:23. Mweya wangu unofara mumagwaro matsvene, **2 Ni.** 4:15–16. Tinoshanda takashinga kuti tinyore, tinyengetedze vana vedu, nehama dzeduwo, kuti vatende muna Kristu, **2 Ni.** 25:23. Vakanzvera magwaro matsvene, vakasazoteerera zvakare kumazwi emurume uya akange akaipa, **Jak.** 7:23 (Aru. 14:1). Dai pasina mahwendefa aya, tingadai takatambudzika mukusaziva, **Mosaya** 1:2–7. Vakanga

vanzvera magwaro matsvene nekushinga, kuti vazive shoko raMwari, **Aru.** 17:2–3. Magwaro matsvene anochengetedzwa kuunza mweya kuruponeso, **Aru.** 37:1–19 (2 Ni. 3:15). Shoko raMwari richatungamirira munhu waKristu, **Hir.** 3:29. Chose chavanotaura neMweya Mutsvene chichave magwaro matsvene nesimba raMwari kuruponeso, **D&Z** 68:4. Nyorai kuzara kwemagwaro matsvene angu kuitira kuvakwa kweChechi rangu nokugadzirira vanhu vangu, **D&Z** 104:58–59. Ani zvake uyu achakoshesa shoko rangu haachazonyengedzwa, **JS—Mat.** 1:37.

Magwaro matsvene akaporofitwa kuti achauya; Isaya akaporofita kuuya kweBhuku raMormoni, **Isa.** 29:11–14. Tora rukuni rumwechete, unyore pariri, kunaJuda, **Ezk.** 37:15–20. Mamwe mabhuku achauya, **1 Ni.** 13:39. Hamufanire kuti mufunge kuti Bhaibheri rine ose mashoko angu, **2 Ni.** 29:10–14. Batai pavhangeri raKristu, richaiswa pamberi penyuzvinyorwa zvichauya, **Morm.** 7:8–9. Akaropafadzwa uyo achauza ichi chinhu kuchiedza, **Morm.** 8:16. Nyorai zvinhu izvi uye ndichazviratidza nenguva yangu yakwana, **Eta** 3:27 (Eta 4:7). Tinodaira kuti acharatidza zvizhinji, **Mis. yeCh.** 1:9.

MAGWARO MATSVENE,
AKARASIKA. *Ona* Magwaro Matsvene—Akarasika Magwaro matsvene

MAHWENDEFA. *Onawo* Bhuku raMormoni; Mahwendefa eGoridhe

Makare-kare vamwe vaive netsika yekunyora nhoroondo nezvinyorwa zvavo pamahwendefa esimbi, sezvakaita Bhuku raMormoni. Kana muchida kunzwa zvimwe, tarisai “Tsananguro Pfupi nezveBhuku raMormoni” mumagwaro ekusuma eBhuku raMormoni.

MAHWENDEFA EGORIDHE.
Onawo Bhuku raMormoni;
Mahwendefa

Zvinyorwa zvakanyorwa pamahwe-

ndefa egoridhe. Zvinotaura nhaurwa dzekubudirira kwaive paviri munyika yeAmerica. Joseph Smith akadudzira akashambadza chidimu chemahwendeafa aya. Dudziro iyi inonzi Bhuku raMormoni. (Kuti munzwe zvizhinji, tarisai "Chisumo" ne"Uchapupu hwo-muPorofita Joseph Smith" kumavambo kweBhuku raMormoni.)

MAHWENDEFA ENDARIRA.

Onawo Mahwendefa

Zvinyorwa zvemaJuda kubvira pakutanga kusvika muna 600 Kristu asati azvarwa, zvine zvinyorwa zvakawanda zvemaporofita (1 Ni. 5:10-16). Chinyorwa ichi chaichengetwa naRabhani, mumwe wemagosa echijuda muJerusarema. Rihai nemhuri yake zvavakange vari murenje, Rihai akatuma vanakomana vake kudzokera kuJerusarema kuti vanotora chinyorwa ichi (1 Ni. 3-4). (Kana muchida kunzwa zvimwe, ona "Tsananguro Pfupi yezveBhuku raMormoni," iri kumavambo eBhuku raMormoni.)

MAJAREDHI. *Onawo* Bhuku

raMormoni; Jaredhi; Jaredhi,
Mukoma wa

Vanhu vari muBhuku raMormoni avo vaiva zvizvarwa zvaJaredhi, mukoma wake, neshamwari dzavo (Eta 1:33-41). Vakatangamirwa naMwari kubva kuShongwe yeBaberi kuenda kuAmerica, nyika yakavimbiswa (Eta 1:42-43; 2-3; 6:1-18). Kana dai zvazvo rudzi rwavo pane imwe nguva rwaive nemamirioni evanhu, vakaparadzwa vose vachirwa pachavo zvaunzwa nokuipa (Eta 14-15).

MAJENTAIRI

Sekushandiswa kwarinoitwa mumagwaro, *maJentairi* rine zvakawanda zvarinoreva. Dzimwe nguva rinoreva vanhu vasiri vedzinza reIsraeri dzimwe nguva vanhu vasiri vedzinza remaJuda, dzimwe nguva marudzi ari kunze kwevhangeri, kana dai mungangove neropa ralsraeri pakati pevhanu vacho. Kushandiswa kwekupedzisira uku

ndiko katsika kekushandiswa kwezwi iri muBhuku raMormoni nemuDzidziso ne Zvibvumirano.

VaIsraeri havaifanira kuroora vasiri maIsraeri (MaJentairi), **Deut.** 7:1-3. Ishe vaizouya kuzove chiedza chemaJentairi, **Isa.** 42:6. Petro akarairwa kutora vhangeri kumaJentairi, **Mabasa** 10:9-48. Mwari vakabvumirano rutendeuko kumaJentairi, **Mabasa** 11:18. Tinobhabhatidzwa muchechi rimwechete, kana dai tiri maJuda kana maJentairi, **I VaKori.** 12:13. MaJentairi vakafanira kuve vagari venhaka muna Kristu kuburikidza nevhangeri, **VaE.** 3:6. Bhuku raMormoni rakanyorerwa maJentairi, **Peji yeMusoro wenyaya weBhuku raMormoni** (Morm. 3:17). Murume pakati pemaJentairi akaenda mumvura, **1 Ni.** 13:12. Mamwe mabhuku akabva kumaJentairi, **1 Ni.** 13:39. Kuzara kwevhangeri kuchauya kumaJentairi, **1 Ni.** 15:13 (3 Ni. 16:7; D&Z 20:9). Ino nyika ichave nyika yerusununguko kumaJentairi, **2 Ni.** 10:11. VaJentairi akafanana nemuti wemuorivi wemusango, **Jak.** 5. Vhangeri richauya munguva dzemaJentairi, **D&Z** 45:28 (D&Z 19:27). Shoko richaenda kwakaperera nyika, kumaJentairi kutanga, rozoenda kumaJuda, **D&Z** 90:8-10. Vane Makumi Manomwe vachave vapupuriri vemaJentairi, **D&Z** 107:25. Tumirai magosa echechi rangu kune vose vemarudzi ose, kutanga kumaJentairi, vozoenda kumaJuda, **D&Z** 133:8.

MAJUDA. *Onawo* Israeri; Juda

MaJuda vanogona kuva (1) zvizukuru zvaJuda, mumwe wegumi nevaviri vanakomana vaJakobo, (2) vanhu veumambo hwechinyakare hwekumaodzanyemba hweJuda, (3) vanhu vanotedza chinamato, mararamiro, netsika dzechiJuda asi vari kana kusave maJuda pakuberekwa. Yave tsika kushandisa izwi rekuti *muJuda* kutaura kune zvose zvizukuru zvaJakobo, asi uku kukanganisa. Zvakafanira kungogumira kune avo veumambo hwaJuda kana, kunyanya pari nhasi, avo verudzi rwajuda nevamwe vake.

Tsvimbo yehushe haizobva kuna Juda kudakara Shiro auya, **Gen.** 49:10. Vhangeri raKristu ndiro simba raMwari kuruponeso, kumuJuda kutanga, **VaR.** 1:16. Muporofita achamutswa nalshe mukati memaJuda—kana Mesia, **1 Ni.** 10:4. Bhuku parakabva mumuromo wemuJuda, zvinhu zvakanga zviri pachena uye zvachena, **1 Ni.** 14:23. MaJuda achapararira mukati meose marudzi, **2 Ni.** 25:15. MaJuda vanhu vangu vechibvumirano changu chepasi chigare, **2 Ni.** 29:4. MaJuda akapararira achatanga kudaira muna Kristu, **2 Ni.** 30:7. MaJuda acharamba dombopavaifanira kuvakira, **Jak.** 4:14–16. MaJuda achawana mumwe mupupuri kuti Jesu aive ndiye chaiye Kristu, **Morm.** 3:20–21. Maporofita vaviri vachamutswa kurudzi rwemaJuda mumazuva ekupedzisira, **D&Z** 77:15. Daidzirai kumarudzi ose, kutanga kumaJentairi, nekumaJuda, **D&Z** 133:8. Mumazuva iwayo kuchave nokutambudzika kukuru kumaJuda, **JS—Mat.** 1:18.

MAKERUBI

Mifananidzo inomiririra zvisikwa zvekudenga, zvayakaita chaizvo zvisingavikanwe. Makerubi anodaidzwa kuti azochengeta nzvimbo dzinoyera.

Ishe vakaisa Makerubi kuti achengete nzira yemuti weupenyu, **Gen.** 3:24 (Aru. 12:21–29; 42:2–3; Mos. 4:31). Mifananidzo yerupawo rweMakerubi yakaiswa pachigaro chetsitsi, **Eks.** 25:18, 22 (I Madz. 6:23–28; VaH. 9:5). Makerubi anotaurwa muzviratidzo zvaEzekieri, **Ezk.** 10; 11:22.

MAKORORO AGADHIANDONI.

Onawo Huranganwa hwemuruvande

MuBhuku raMormoni, chikwata chemakororo chakavambwa nemuNifai akaipa ainzi Gadhiandoni. Hurongwa hwaivo hwaive hwakavere-vere nemhiko dzehusatani.

Gadhiandoni akakonzero kuparadzwa kwerudzi rwemaNifai, **Hir.** 2:12–13. Dhiabhorosi akapa mhiko zvekavere-

vere nezvibvumirano kuna Gadhiandoni, **Hir.** 6:16–32. Mubatanidzwa wemuruvande hwakakonzero kuparadzwa kwerudzi rwemaJaredhi, **Eta** 8:15–26.

MAKRISTU. *Onawo* Mudzidzi; Mutendi

Zita rinopiwa kune vanodaira muna Jesu Kristu. Kana dai zvazvo izwi iri riri rinoshandiswa pasi rose, Ishe vakadoma vateveri vechokwadi vaKristu kuti Vatendi (Mabasa 9:13, 32, 41; I Va-Kori. 1:2; D&Z 115:4).

Vadzidzi vaidaidzwa kunzi MaKristu, **Mabasa** 11:26. Kana ani munhu akatambudzika seMuKristu, regai arege kunyara, **I Pet.** 4:16. Pamusana pechibvumirano muchadaidzwa kuti muri vana vaKristu, **Mosaya** 5:7. Vatendi vechokwadi vaidaidzwa kuti MaKristu neavo vakanga vasiri nhengo dzeCheschi, **Aru.** 46:13–16.

MAKUHWI. *Onawo* Kutaura zvakaipa; Runyerekupe

Kutaurirana zvinhu kana nyaya dzemumwe munhu pasina mvumo yemunhu iyeyo.

Rose shoko risina maturo iro vanhu vachataura, vachazozvidairira pamusoro pazvo, **Mat.** 12:36. Vatendi vanorairwa kuti vasave vareketi neku-shereketa, vachitaura zvinhu zvasisingafanire, **I Tim.** 5:11–14. Hamufanirwi kutaura zvakaipa pamusoro pemuvalikidzani wako, **D&Z** 42:27. Simbisai hama dzenyu muhurukuro dzenyu dzose, **D&Z** 108:7.

MAKUMI MANOMWE. *Onawo* Hupirisita hwaMerkizedeki; Muapositori

Chinzvimbo chinogadzwa varume muHupirisita hwaMerkizedeki. Nhasi uno, chikwata cheMakumi Manomwe ndivo Vatarisi veChechi vanopiwa simba reuapositori, asi havagadzwe seVaapositori. Vanoisa nguva yavo izere mukushumira.

Ishe vakasarudza vamwe makumi manomwe, **Ruka** 10:1. Vane Makumi

manomwe vanodaidzwa kuti vaparidze vhangeri vagove vapupuriri vakatsanangurwa vaJesu Kristu, **D&Z** 107:25–26. Vane Makumi Manomwe vanobata muzita ralshe, vari pasi pahungamiri hwevaneGumi neVaviri, kuvaka Chechi nekufambisa nyaya dzose dzechечи mumarudzi ose, **D&Z** 107:34. Sarudza vamwe Makumi Manomwe kana kaka-petwa kanomwe, kana paine basa racho, **D&Z** 107:93–97. Chikwata cheMakumi–manomwe chakaitirwa kufamba kwemagosa kutakura zvinhu zvezita rangu kupasi rose, **D&Z** 124:138–139.

MAMONI. *Onawo* Mari

Izwi rechiArami rinoreva “upfumi” (Mat. 6:24; Ruka 16:9; **D&Z** 82:22).

MANA. *Onawo* Chingwa cheUpenyu; Eksodo

Chekudya chakatsetseka chine anenge mafufu chine kutapira kwemabumbe ehuchi (Eks. 16:14–31) kana kwemafuta matsva (Num. 11:8). Ishe vakachipa kuti vana veIsraeri vadye mumakore makumi mana avaive murenje (Eks. 16:4–5, 14–30, 35; Josh. 5:12; 1 Ni. 17:28).

Vana vaIsraeri vaaidaidza kuti mana (kana *man-hu* muchiHeberu)—zvaireva kuti “Chiiko?”—nokuti vakanga vasingazive kuti chaive chii (Eks. 16:15). Yaidaidzwawo kuti “kudya kwengirozi” kana “chingwa chinobva kudenga” (Mpi. 78:24–25; Joh. 6:31). Rwaive rupa-wo rwaKristu, aizove Chingwa cheUpe-nyu (Joh. 6:31–35).

MANASE. *Onawo* Efraimi; Israeri; Josefa, Mwanakomana waJakobo

MuTestamente yaKare, mwanakomana mukuru waAsenati naJosefa uyo akatengeswa kuEgipita (Gen. 41:50–51). Iye nemunin’ina wake Efraimi vakanga vari vazukuru waJakobo (Israeri) asi vakatorwa vakaropafadzwa naye sekunge vanakomana vake chaivo (Gen. 48:1–20).

Rudzi rwaManase: Zvizvarwa zva-Manase vaiverengerwa mukati mema-

rudzi aIsraeri (Num. 1:34–35; Josh. 13:29–31). Kuropafadza kwaMosesi rudzi rwaJosefa, urwo rwakapihwawo Efraimi naManase, zvakanorwa muna Deuteronomio 33:13–17. Nyika yavo yavakapihwa rimwe divi rayo raive rakarererera kumadokero kweJordani uye pedyo neyaEfraimi. Vaivewo nenyika neche kumabvazuva kweJordani munzvimbo yemafuro akapfuma eBashani neGireadi. Mumazuva ekupedzisira, rudzi rwaManase rwuchayamura rudzi rwaEfraimi mukunganidza vaIsraeri vakapararira (Deut. 33:13–17). Muporofita wemu-Bhuku raMormoni Rihai aive chizvarwa chaManase (Aru. 10:3).

MANIFAI. *Onawo* Bhuku raMormoni; MaRamani; Nifai, Mwanakomana waRihai

Chikwata chevanhu muBhuku raMormoni, vazhinji vavo vaive zvizvarwa zvemuporofita Nifai, mwanakomana waRihai. Vakatsauka kubva kumaRamani uye vari vakanga vakarurama kazhinji kupfuura maRamani. Asika, mushure vakaparadzwa nema-Ramani pamusana pehuipi.

MaNifai akatsaukana nemaRamani, **2 Ni.** 5:5–17. Vose avo vakanga vasiri maRamani vakanga vari maNifai, **Jak.** 1:13. MaNifai vakanga vachitunhwa nechikonzero chiri nani, **Aru.** 43:6–9, 45. MaNifai havana kumbofara kupfuura panguva yaMoronai, **Aru.** 50:23. MaNifai akaponeswa pamusana peminamoto yevakarurama, **Aru.** 62:40. MaNifai akatanga kuderera mukutenda, **Hir.** 6:34–35. Jesu akadzidzisa akashumira pakati pemaNifai, **3 Ni.** 11:1–28:12. Vose vakatendeukira kunaIshe vakanga vaine zvinhu zvose pamwechete, **4 Ni.** 1:2–3. Pakanga pasina kupesana, rudo rwaMwari rwigara mumwoyo yavo, uye vakanga vari ivo vanhu vaifara chose, **4 Ni.** 1:15–16. MaNifai akatanga kudada nokuve vanhu vasina maturo, **4 Ni.** 1:43. Ropa nokuparadza vakapararira pamusoro penyika yose, **Morm.** 2:8. MaNifai akakura muhuipi uye

Mormoni akaramba kuvatungamirira, **Morm.** 3:9–11. Vose maNifai, kunze kwemakumi maviri ane vana vakauraiwa, **Morm.** 6:7–15. Wose muNifai akange asingade kuramba Kristu aiuraiwa, **Moro.** 1:2. MaNifai vakaparadzwa pamusoro pekuipa nezvitadzo zvavo, **D&Z** 3:18. Chenjererai kudada nokutya kuti mungaite semaNifai, **D&Z** 38:39.

MAOKO, KUGADZWA KWE.

Onawo Chipo cheMweya Mutsvene; Gadza; Kuropafadza Vanorwara; Kutsaura

Chiito chekugadza maoko emumwe pamusoro pemunhu sechikamu chechisungo chehupirisita. Mabasa mazhinji ehupirisita anoitwa nekugadza maoko, sekugadza, kuropafadza, kushandira vanorwara, kusimbisa nhengo dzeChichi, nokupa Mweya Mutsvene.

Mosesi akagadza maoko ake pamusoro paJoshua, sekutaura kwakanga kwaita Ishe, **Num.** 27:18, 22–23 (Deut. 34:9). Jesu akagadza maoko ake pavashoma vairwara, akavarapa, **Marko** 6:5 (Morm. 9:24). Vaapositori vakagadza maoko avo pavanomwe vaizovayamura, **Mabasa** 6:5–6. Mweya Mutsvene waipiwa nokuvagadza maoko, **Mabasa** 8:14–17. Ananiasi akagadza maoko ake pana Sauro uye akabva adzosera kuona kwake, **Mabasa** 9:12, 17–18. Pauru akagadza maoko ake paari akamurapa, **Mabasa** 28:8. Pauru akadzidzisa chidzidzo cherubhabhatidzo nokugadza maoko, **VaH.** 6:2. Aruma aigadza vapirisita nemagosa nokuisa maoko, **Aru.** 6:1. Jesu akapa vadzidzi vake simba rekupa Mweya Mutsvene nokugadza maoko, **3 Ni.** 18:36–37. Pane uyo muchagadza maoko, muchamupa Mweya Mutsvene, **Moro.** 2:2. Magosa anofanirwa kugadza maoko avo pavana kuvaropafadza, **D&Z** 20:70. Vachagashira Mweya Mutsvene nokugadzwa maoko, **D&Z** 35:6 (Mis. yeCh. 1:4). Magosa achagadza maoko pavarwere, **D&Z** 42:44 (D&Z 66:9). Vana vanofanira kugashira kugadzwa maoko mushure merubhabhatidzo, **D&Z** 68:27. Hupiri-

sita hwunogashirwa nokugadzwa maoko, **D&Z** 84:6–16.

MAPERE MBUDZI

Chirwere chinopararira chinotaurwa nezvacho muTestamente yaKare neTsva. Vanhu vazhinji vanoziikanwa muBhabheri vane imwe nguva yavakatswa nacho, kusanganisira naMosesi (Eks. 4:6–7), hanzvadzi yake Miriami (Num. 12:10). Naamani (II Madz. 5), naMambo Uziya (II Mak. 26:19–21).

Jesu akarapa mapere mbudzi muvanhu vakawanda, **Mat.** 8:2–4 (Marko 1:40–45; Ruka 5:12–15; 3 Ni. 17:7–9). Jesu akarapa vane gumi vaive nemape-re mbudzi, **Ruka** 17:11–19.

MAPISAREMA. *Onawo* Davidi; Mumhanzi

Detembo kana rwiyo rwafemerwa.

Mapisarema: Bhuku remuTestamente yaKare iro rine kuunganidzwa kwenziyo, zhinji dzacho dziri maererano naKristu. Bhuku reMapisarema rinotapwa kazhinji muTestamente Itsva.

Davidi akanyora zhinji dzeNziyo idzi. Mapisarema akanyorwa sezvirumbidzo kuna Mwari. Zvishinji zvakaishwa munziyo.

MARAKI

Muporofita wemuTestamente yaKare ainyora achiporofita zvingangove muna 430 Kristu asati azvarwa.

Bhuku raMaraki: Bhuku kana chiporofita chaMaraki ndiro bhuku rekupedzisira muTestamente yaKare. Rinenge rino-teezwa donzo huru dzenyaya idzi: (1) zvitadzo zvaIsraeri—Maraki 1:6–2:17; 3:8–9; (2) mitungo ichauya pamusoro paIsraeri pamusana pekusat eerera kwavo—Maraki 1:14; 2:2–3, 12; 3:5; (3) zvimbiso zvekuteerera—Maraki 3:10–12, 16–18; 4:2–3; uye (4) zviporofita zvinechekuita nelsraeri—Maraki 3:1–5; 4:1, 5–6 (D&Z 2; 128:17; Nh—JS 1:37–39).

Muchiporofita chake, Maraki akanyora nezvajokhane Mubapatidzi (Mara. 3:1;

Mat. 11:10), murau wechegumi (Mara. 3:7–12), kuuya kwechipiri kwaIshe (Mara. 4:5), nokudzoka kwaErija (Mara. 4:5–6; D&Z 2; 128:17, Nh—JS 1:37–39). Muponesi akatapa zvitsauko zvose zvaMaraki zvinoti 3 na4 apo aitura kumaNifai (3 Ni. 24–25).

MARAMANI. *Onawo* Bhuku raMormoni; MaNifai; Ramani

Chikwata chevanhu muBhuku raMormoni, vazhinji vacho vaive zvizvarwa zvaRamani, mwanakomana mukuru waRihai. Vainzwa kuti vakange vakanganisirwa naNifai nezvizvarwa zvake (Mosaya 10:11–17). Nokudaro, vakapandukira maNifai uye kazhinji vairamba dzidziso yevhangeri. Zvisine, chinguvachidiki Jesu Kristu asati azvarwa, maRamani vakabvuma vhangeri uye vakave vakarurama kupfuura maNifai (Hir. 6:34–36). Mazana maviri emakore mushure mekunge Kristu ashanyira America, vose maRamani nemaNifai vakave nehutsinye uye vakatanga kurwisana. Munana 400 Kristu azvarwa, maRamani akaparadza zvekupfukudzira rudzi rwemaNifai.

MaRamani akakunda mbeu yaNifai, **1 Ni.** 12:19–20. MaRamani vaivenga maNifai, **2 Ni.** 5:14. MaRamani achave chirongo kuma Nifai, **2 Ni.** 5:25. Bhuku raMormoni richadzorerwa pakare kuma Ramani ruzivo rwamadzitateguru avo nerwevhangeri raJesu Kristu, **2 Ni.** 30:3–6 (Peji yeMusoro wenywa weBhuku raMormoni). MaRamani chipenga chamaJuda, **D&Z** 19:27. MaRamani vachapfumvura seruva Ishe asati auya, **D&Z** 49:24.

MARI. *Onawo* Chegumi; Kupa zvipo; Upfumi; Zvemunyika

Mari, pepa, zvitupa, kana zvimwe zvinoshandiswa nevanhu semuripo wezvihu kana ruyamuro. Dzimwe nguva rupawo rwezvinhu zvisiri zvemweya. Muchanunurwa pasina mari, **Isa.** 52:3. VaneGumi neVaviri vakaudzwa kuti vasawane chavanotora parwendo rwa-vo, kana homwe, kana chingwa, kana

mari, **Marko** 6:8. Petro akataurira Simoni wemapipi kuti mari yake ichafa naye, **Mabasa** 8:20. Kuda mari ndiwo mudzi wezvose zvachakaipa, **1 Tim.** 6:10. Musaparadzire mari pane icho chisina maturo, **2 Ni.** 9:50–51 (Isa. 55; 1–2; 2 Ni. 26:25–27). Kana vakashandira mari, vachafa, **2 Ni.** 26:31. Musati matsvaga upfumi, tsvakai umambo hwaMwari, **Jak.** 2:18–19. Chechi dzichati pamusoro pemari yenyu mucharegererwa zvitema zvenyu, **Morm.** 8:32, 37. Uyu anopa mari kubasa reZioni haazorasikirwa nemubairo wake, **D&Z** 84:89–90.

MARIA, AMAI VAJESU. *Onawo* Jesu Kristu; Josefa, Murume waMaria

MuTestamente Itsva, mhandara yakasarudzwa naMwari Baba kuti ive amai veMwanakomana Wavo munyama. Mushure mekurururwa kwaJesu, Maria akaita vamwe vana (Marko 6:3).

Akanga akavimbiswa naJosefa, **Mat.** 1:18 (Ruka 1:27). Josefa akaudzwa kuti asarambe Maria kana kumusunungura pachivimbiso, **Mat.** 1:18–25. Varume vakangwara vakashanyira Maria, **Mat.** 2:11. Maria naJosefa vakatizira kuEgipiti nemwana Jesu, **Mat.** 2:13–14. Mushure mekufa kwa Herode, mhuri yakadzokera kuNazareta, **Mat.** 2:19–23. Ngirozi Gabrieri yakamushanyira, **Ruka** 1:26–38. Akashanyira Erisabete, hama yake, **Ruka** 1:36, 40–45. Maria akapa rwiyo rwekurumbidza kuna Ishe, **Ruka** 1:46–55. Maria akaenda kuBetrehema naJosefa, **Ruka** 2:4–5. Maria akazvara Jesu akamuradza muchidiro, **Ruka** 2:7. Vafudzi vakaenda kuBetrehema kunoshanyira mwana Kristu, **Ruka** 2:16–20. Maria naJosefa vakatora Jesu kutemberi kuJerusarema, **Ruka** 2:21–38. Maria naJosefa vakaenda naJesu kuPaseka, **Ruka** 2:41–52. Maria akanga ari pamuchato kuKana, **Joh.** 2:2–5. Muponesi, ari pamuchinjikwa, akakumbira Johane kuti achingete amai vake, **Joh.** 19:25–27. Maria akanga aine Vaapositori mushure mekunge Jesu atorwa aenda kudenga, **Mabasa** 1:14. Maria aive mhandara, yakanaka

zvikuru uye akachena kupfuura dzi-mwe mhandara dzose, **1 Ni.** 11:13–20. Amai vaKristu vaizodaidzwa kuti Maria, **Mosaya** 3:8. Maria ainge ari mhandara, inokosha uye mudziyo wakasarudzwa, **Aru.** 7:10.

MARIA, AMAI VAMARKO.

Onawo Marko

MuTestamente Itsva, amai vaJohane Marko, akanyora Vhangeri raMarko (Mabasa 12:12).

MARIA MAGDARENE

Mukadzi muTestamente Itsva akave mudzidzi akazvipira waJesu Kristu. Magdarene zvinorera Magdani, kunzvimbo uko kwakabva Maria. Iri kumahombekombe ekumadokero kweGungwa reGarirea.

Aive pedyo nemuchinjikwa, **Mat.** 27:56 (Marko 15:40; Joh. 19:25). Aive pakavigwa Kristu, **Mat.** 27:61 (Marko 15:47). Aive paguva runghanani rwerumuko kubva kuvakafa, **Mat.** 28:1 (Marko 16:1; Ruka 24:10; Joh. 20:1, 11). Jesu akazviratidza kwaari kutanga mushure mekumuka kuvakafa, **Marko** 16:9 (Joh. 20:14–18). Vana dhiabhorosi vano-mwe vakabuda maari, **Ruka** 8:2.

MARIA WEBETANIA. *Onawo*

Marta; Razaro

MuTestamente Itsva, hanzvadzi yaRazaro naMarta.

Maria akagara achiteerera ari kutsoka dzaJesu, **Ruka** 10:39, 42. Maria nemukoma wake Marta vakadaidza Jesu, **Joh.** 11:1–45. Akazodza tsoka dzaJesu nemafuta, **Joh.** 12:3–8.

MARIRO AJEREMIA, BHUKU RE

Bhuku riri muTestamente yaKare, rakanyorwa naJeremia. Rakasangani-swa nhetembo kana nziyo dzekusuwa pamusana pekupunzika kweJerusarema nerudzi rwaIsraeri. Bhuku iri rakanyorwa mushure mekupunzika kwegu-ta munana 586 Kristu asati azvarwa.

MARKO. *Onawo* Mabhuku evhangeri MuTestamente Itsva, Johane Marko aive mwanakomana waMaria, aigara muJerusarema (Mabasa 12:12); aidaro aive munin'ina kana muzukuru waBarnabasi (VaKoro. 4:10). Akaenda naPauro naBarnabasi kubva Jerusarema parwendo rwavo rwekutanga kunoparidza, uye akavasiya paPerga (Mabasa 12:25; 13:5, 13). Pashure akaperekedza Barnabasi kuSaipurasi (Mabasa 15:37–39). Aive naPauro kuRoma (VaKoro. 4:10; Fir. 1:24); uye aive naPetro kuBabironi (zvimwe kuRoma) (I Pet. 5:13). Pedzisire, aive naTimotio kuEfeso (II Tim. 4:11).

Vhangeri raMarko: Bhuku rechipiri muTestamente Itsva. Zvingangodaro kuti vhangeri raMarko rakanyorwa pasi pehutungamiri hwaPetro. Chinangwa chake kutsanangura Ishe seMwanakomana waMwari agere achisanda pakati pevanhu. Marko anotsanangura, nesimba nekuzvinipisa, zvaisara zviri mune avo vaimira vachiona Jesu. Tsika inoti mushure mekufa kwaPetro, Marko akashanyira Egipta, akaronga Chechi muAreksandiria, uye akafira vhangeri.

Kuona kutsanangurwa kwezvitsauko, ona “Vhangeri”.

MAROPAFADZO

EHUPATIRIYAKI. *Onawo* Baba, Vepanyama; Muvhangeri; Patiriyaki

Maropafadzo anopihwa nhengo dzinokodzera dzeChechi nemapatiriyaki akagadzwa. Maropafadzo ehupatiriyaki ane kuraira kumunhu arikugashira kuropafadzwa uye achibva ataurwa mutsetse wekuberekwa kwemunhu iyeyo mumba yaIsraeri. Madzibaba baba vanogona kupa maropafadzo semapatiriyaki emhuri dzavo, asi maropafadzo akadaro haanyorwe kana kuchengetwa muChechi.

Israeri akatambanudza ruoko rwake rwerudyi akarwuisa pamusoro paEfraimi, **Gen.** 48:14. Jakobo akaropafadza vanakomana vake nembeu dzavo,

Gen. 49. Rihai akaropafadza vana vake, **2 Ni.** 4:3–11.

MARSH, THOMAS B.

Mutungamiri wekutanga weChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri mushure mekudzorerwa pakare kweChechi muna 1830. Akabata kiyi dzeumambo zvaive zvakanangana nevanegumi neVaviri (D&Z 112:16) uye, muna 1838, akaudzwa nekuzarurirwa kuti ashambadze shoko ralshe (D&Z 118:2). Chidimbu 31 cheDzidziso neZvibvumirano chakanangana naye. Marsh akabviswa muChechi muna 1839 asi akabhabhatidzwa zvakare muna 1857 mwedzi weChikunguru.

MARTA. *Onawo* Maria weBetania; Razaro

Hanzvadzi yaRazaro naMaria muTestamente Itsva (Ruka 10:38–42; Joh. 11:1–46; 12:2).

MARUDZI AKARASIKA. *Ona* Israeri—Marudzi Gumi Akarasika eIsraeri

MARUDZI GUMI. *Ona* Israeri

MARUDZI GUMI NEVAVIRI EISRAERI. *Ona* Israeri—Marudzi gumi nevaviri eIsraeri

MATAMBUDZIKO. *Onawo* Chiedzo; Kupfuvisa; Kuranga; Tsungirira

Kuburikidza nedambudziko—nemiyedzo, zvinetswa nekunetsekana—munhu anogona kusangana nezvinhu zvakanangana zvinokonzerwa kukura mumweya uye nokufambira mberi kwokusingaperi nekudzokera kuna Ishe.

Mwari pachake akakununura iwe kubva mumatambudziko ako ose muzvinetswa zvako, **I Sam.** 10:19. Vakachema kuna Ishe munhamo dzavo, **Mpi.** 107:6, 13, 19, 28. Kana dai Ishe achikupai chingwa chedambudziko, asi vadzidzisi venyu havachabviswe, **Isa.** 30:20–21. Zvakafanira kuti, kuve

nezvinopikisa muzvinhu zvose, **2 Ni.** 2:11. Kana vakasambowana zvinovava havangazive zvinotapira, **D&Z** 29:39. Dambudziko renyu richangove kwekanguvana, **D&Z** 121:7–8. Zvose zvinhu izvi zvichakupai ruzivo, naizvozvo zvinenge zvachakunakirai, **D&Z** 122:5–8. Nonoravira zvinovava, kuti vagoziva kukoshesa zvakanaka, **Mos.** 6:55.

MATANHO EKUBWINYA. *Onawo*

Kubwinya kweseresitiyaro;

Kubwinya kweteresitiyaro;

Kubwinya kwetiresitiyaro

Umambo hwakasiyana siyana kudenga. Mukutongwa kwekupedzisira, wose munhu achaiswa munzvimbo yekugara yekusingaperi iri ine umambo hunekubwinya kwako, kunze kweavo vari vanakomana Vekuraswa.

Jesu akati, Mumba mababa vangu mune mizinda yakawanda, **Joh.** 14:2 (Eta 12:32). Kune kubwinya kumwe kwezvava, nekumwe kwemwedzi, nekumwe kwenyenyedzi, **I VaKori.** 15:40–41. Pauro akabatwa kudenga rechitatu, **II VaKori.** 12:2. Kune nzvimbo isina kubwinya uye yekurangwa kusingaperi, **D&Z** 76:30–38, 43–45. Kune matanho matatu ekubwinya, **D&Z** 76:50–113; 88:20–32.

MATEO. *Onawo* Mabhuku evhangeri

Muapositori waJesu Kristu uye munyori webhuku rekutanga muTestamente Itsva. Mateo, muJuda aive muteresi wevaRoma paKapenaume, zvimwe aive muhushandi kwaHerode Andipasi. Aiziikanwa asati atendeuka saRevi, mwanakomana waArfeo (Marko 2:14). Shure kwekudaidzwa kuti ave mudzidzi waJesu, akapa mabiko pakanga paina Ishe (Mat. 9:9–13; Marko 2:14–17; Ruka 5:27–32). Mateo zvichida aive neruzivo rukuru rwemagwaro matsvene emuTestamente yaKare uye aikwanisa kuona zvakanangana zveku-zadzikiswa kwechiporofita muopenyu hwaIshe. Zveupenyu hweMuapositori uhu hwekupedzisira zvisvishoma zvinozvi-

ikanwa. Imwe tsika inoti akafa rufu rwemhare.

Vhangeri raMateo: Bhuku rekutanga muTestamente Itsva. Vhangeri raMateo zvimwe pakutanga rakanyorwa kuti rishandiswe nemaJuda emuFiristia. Rinoshandisa zvakataurwa nevamwe zvakawanda kubva muTestamente yaKare. Chinangwa chikuru chaMateo kwaive kuratidza kuti Jesu ndiye Mesia uyo aitaurwa nevaporofita vemuTestamente yaKare. Akasimbisawo kuti Jesu ndiye Mambo neMuto-ngi wevanhu.

Kutsananguro yezvitsauko, ona “Vhangeri”.

MATIA. *Onawo* Muapostori—
Kusarudzwa kwe Vaapostori

Munhu akasarudzwa kuti atore nzvimbo yaJudasi Iskarioti seChikwata cheVaapostori revaneGumi neVaviri (Mabasa 1:15–26). Aive mudzidzi upe-nyu hwose hwaJesu mukudzidzisa kwake (Mabasa 1:21–22).

MAVAMBO. *Onawo* Kusika; Jesu Kristu; Upenyu hwenyama husati hwavepo

Zvinotaura kazhinji nezvenguva kusati kwave neupenyu huno hwekufa—ndihwo, upenyu tisati tave nenyama. Dzimwe nguva Jesu anotaurwa semavambo.

Pakutanga Mwari vakasika denga nepasi, **Gen.** 1:1 (Mos. 2:1). Pakutanga kwaive neShoko, **Joh.** 1:1. Ndini Arfa naOmega, mavambo nemagumo, **3 Ni.** 9:18. Kristu ndiye mavambo nemagumo, **D&Z** 19:1. Chibvumirano chitsva uye chisingaperi chakabvira pamavambo, **D&Z** 22:1. Munhu pakutanga aive naMwari, **D&Z** 93:23, 29. Vaikudzwa vaine mweya mikuru vaisarudzwa kubvira pamavambo, kuti vave vatongi, **D&Z** 138:55. Wangu Mumwechete Akaberekwa akanga aineni kubvira pakutanga, **Mos.** 2:26.

MAZISO. *Ona* Ziso

MAZORAMU. *Ona* Zoramu

MAZUVA AKARE. *Ona* Adama

MAZUVA EKUPEDZISIRA. *Onawo*
Kuuya kwechipiri kwaJesu Kristu; Zviratidzo zveNguva

Nguva yatiri kurarama iyezvino. Mazuva (kana mukuvo wenguva) chinguva-na kuuya kwechipiri kwaIshe kusati kwavepo.

Ndinokuudzai zvichakuwirai mumazuva ekupedzisira, **Gen.** 49:1. Mununuri achamira pazuva rekupedzisira pano pasi, **Jobo** 19:25. Mumazuva ekupedzisira, imba yaIshe ichamiswa, **Isa.** 2:2. Mumazuva ekupedzisira nguva dze-kutambudzika dzichauya, **II Tim.** 3:1–7. Vashori vemazuva ekupedzisira vacharamba Kuuya Kwechipiri, **II Pet.** 3:3–7. Ndinoporofita kwamuri zviri pamusoro pemazuva ekupedzisira, **2 Ni.** 26:14–30. Saizvozvo ndiko kudaidzwa kuchaitwa chechi yangu mumazuva ekupedzisira, Kana Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, **D&Z** 115:4. Kristu achauya mumazuva ekupedzisira, **Mos.** 7:60.

MBEU YAABRAHAMA. *Onawo*
Abrahama—Mbeu yaAbrahama

MBEU YEMASITADHI

Mbeu dzedzinde remasitadhi. Kana dai zvavo katsanga kembeu kari kadiki, asika kureba kwedzinde rakura kubva makari iguru kwazvo. Jesu akaenzanisa umambo hwokudenga nekambeu kemasitadhi (Mat. 13:31)

Kana muine rutendo setsanga yembeu yemasitadhi, munogona kufambisa makomo, **Mat.** 17:20.

MERENIAMU. *Onawo* Gehena;
Kuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu

Chiuru chemakore chinotorwa senguva yenunyararo chichatanga apo Kirstu achadzoka kuzotonga panyika iye pachake (Mis. yeCh. 1:10).

Vanhu havazosimudza bakatwa, kana kudzidza hondo zvakare, **Isa.** 2:4 (2 Ni. 12:4; Mika 4:3). Nyika yakanga

yave gwenga yaita sekunge bindu reEdeni, **Ezk.** 36:35. Vakagara vakatonga naKristu kwechiuru chemakore, **Zvaka.** 20:4. Pamusana pekururama, Satani haana simba, **1 Ni.** 22:26. Ndi-chagara mukururama pano pasi kwechiuru chemakore, **D&Z** 29:11. Kana chiuru chemakore chapera, ndicharegera nyika kwechinguva, **D&Z** 29:22. Mereniamu huru ichauya, **D&Z** 43:30. Vana vevakarurama vachakura vasina chitadzo, **D&Z** 45:58. Vana vachakura kudakara vakwegura; vanhu vachashandurwa mukubwaira kweziso, **D&Z** 63:51. Mukutanga kwechiuru chechinomwe chemakore, Ishe vachachenesa pasi, **D&Z** 77:12. Havagare zvakare kudakara chiuru chemakore chapera, **D&Z** 88:101. Satani achasungwa kwechiuru chemakore, **D&Z** 88:110. Mereniamu inotsanangurwa, **D&Z** 101:23–34. Kwechiuru chemakore pasi richazorora, **Mos.** 7:64.

MERKIZEDEKI. *Onawo* Hupirisita hwaMerkizedeki; Saremi

Mupirisita wepamusoro wemuTestamente yaKare, muporofita, nemutungamiri aivepo mushure memafashamo munguva dzaAbrahama. Ainzi mambo weSaremi (Jerusarema), mambo werunyararo, mambo wekururama (ndiko kududzira kwechiHeberu kwezvino-*reva* Merkizedeki), uye mupirisita waMwari wepamusoro-soro.

Abrahama aibvisira chegumi chake kuna Merkizedeki, **Gen.** 14:18–20. Vanhu vaMerkizedeki vakashanda kururama, uye vakawana denga, **DJS, Gen.** 14:25–40. Kristu aive mupirisita wepamusoro muchikwata chaMerkizedeki, **VaH.** 5:6. Merkizedeki aive mambo weSaremi, mupirisita waMwari wepamusoro-soro, **VaH.** 7:1–3. Hapana aive mukuru kupfuura Merkizedeki, **Aru.** 13:14–19. Abrahama akatambira upirisita kubva kuna Merkizedeki, **D&Z** 84:14. Mukukudza zita raIshe, Chechi yakare yepasichigare yakadaidza hupirisita hwepamusoro kuti Hupirisita hwaMerkizedeki, **D&Z** 107:1–4.

MESHAKI. *Onawo* Danieri

MuTestamente yaKare, Shadraki, Meshaki, naAbedi-nego vaive valsaeri vatatu vaye, pamwechete naDanieri, vakaunzwa kuzimbaguru raNebukadnezari, mambo weBabironi. Zita raMeshaki rechiHeberu rainzi Mishaeeri. Majaya matatu aya akaramba kuzvisvibisa nekunwa kana kudya nyama newaini yamambo (Dan. 1). Shadraki, Meshaki, naAbedi-nego vakakandwa mumoto waityisa namambo uye vakachengetedzwa neMwanakomana waMwari (Dan. 3).

MESIA. *Onawo* Akazodzwa; Jesu Kristu

Izwi rinenge rechiArami nechiHeberu rinoreva kuti “akazodzwa.” MuTestamente Itsva Jesu anonzi Kristu, zvinopeva muchiGiriki kuti *Mesia*. Zvinoreva kuti Muporofita, Mupirisita, Mambo, neMuponesi akazodzwa kuuya kwake kuri kwakanga kwakatarisirwa kwazvo nemaJuda.

Majuda mazhinji akanga achitsvaka kununurwa chete kubva musimba rekutonga kwemaRoma nekubudirira kukuru kwerudzi rwavo; naizvozvo, pakauya Mesia, vatungamiri nevamwe vazhinji vose vakamuramba. Avo chete vakanga vakazvininipisa vaine rutendo vakagona kuona muna Jesu weNazareta Kristu wechokwadi (Isa. 53. Mat. 16:16; Joh. 4:25–26).

Mesia achave neMweya, agoparidza vhangheri, nokudaidzira rusununguko, **Isa.** 61:1–3 (Ruka 4:18–21). Tawana Mesia, zvinoreva kana zvadudzirwa, Kristu, **Joh.** 1:41 (Joh. 4:25–26). Mwari akamutsa mukati memaJuda, Mesia, kana kuti nemamwe mazwi, Muponesi, **1 Ni.** 10:4. Mwanakomana waMwari ndiye aive Mesia achauya, **1 Ni.** 10:17. Rununuro rwunouyaa neburikidza nemuna Mesia Mutsvene, **2 Ni.** 2:6. Mesia anouya mukuzara kwenguva, **2 Ni.** 2:26. Mesia achamuka kubva kuvakafa, **2 Ni.** 25:14. Muzita raMesia ndinogadzwa Hupirisita hwaAroni, **D&Z** 13:1.

Ishe vakati, Ndini Mesia, Mambo we-Zioni, **Mos.** 7:53.

METUSARA. *Onawo* Enoki

Mwanakomana waEnoki muTestamente yaKare. Metusara akagara kwemakore 969 (Gen. 5:21–27; Ruka 3:37; Mos. 8:7). Aive muporofita akarurama uyo akasiwa panyika apo pakatorwa guta raEnoki kuenda kudenga. Akasara panyika kuti agosiya chizvarwa umo maizouya naNoa avepo (Mos. 8:3–4).

MHANDARA. *Onawo* Maria, Amai vajesu

Murume kana mukadzi ave pazera rekuwanikwa asina kumboziva murume kana mukadzi. Mumagwaro matsvene, mhandara kana jaya zvingangoreva munhu akachena (Zvaka. 14:4).

Mhandara ichabata pamuviri yobereka mwana mukomana, **Isa.** 7:14 (Mat. 1:23; 2 Ni. 17:14). Umambo hwekudenga hunofananidzwa nemhandara gumi, **Mat.** 26:1–13. Mwuta reNazareta ndakaona mhandara, yaive mai veMwanakomana waMwari, **1 Ni.** 11:13–18. Maria aive mhandara, mudziyo wakasarudzwa unokosha, **Aru.** 7:10.

MHANDARA MARIA. *Ona* Maria, Amai vajesu

MHANDU. *Ona* Dhiabhorosi

MHARIDZO PAGOMO. *Onawo* Jesu Kristu; Zvivimbiso zve makomborero

Hurukuro yaJesu Kristu kuvadzidzi vake avo vakanga vave pedyo kutumirwa kunoshumaira (Mat. 5–7; Ruka 6:20–49). Ishe vakapa mharidzo iyi shure kwokudaidza vaneGumi neVaviri.

Mharidzo iyi yakatsanangurwa naJoseph Smith Dudziro yeBhaibheri neimwe mharidzo yakafanana yakanyorwa muna 3 Ni. 12–14 inoratidza kuti zvidimbu zvinokosha zve mharidzo iyi zvakaraswa muchinyorwa chiri muna Mateo.

MHOSVA, KUVA NE. *Onawo* Rutendeuko

Kunge waita zvakaipa, kana zvaunonzwa zvinokusuwisa zvakafanira kupe-rekedzana nechitadzo.

Atadza uye ane mhosva, **Rev.** 6:1–6. Ani zvake achadya sakaramende asina kukodzera ane mhosva yemuviri neropa rajesu, **1 VaKori.** 11:27. Vane mhosva vanotora chokwadi sechakaoma, **1 Ni.** 16:2. Tichave neruzivo rwakakwana rwekuve nemhosva dzedu dzose, **2 Ni.** 9:14. Kuve nemhosva kwangu kwakatsvairwa, **Eno.** 1:6. Kwakave nekurangwa kwakagadzirwa, kwakaunza kurwadiwa kwepfungwa, **Aru.** 42:18. Regai zvitadzo zvenyu zvikutambudzei, nedambudziko iroro richakudzikisai kurutendeuko, **Aru.** 42:29. Vamwe venyu vane mhosva pamberi pangu, asi ndichave netsitsi, **D&Z** 38:14. Mwanakomana waMwari akatidzikinura mumhoswa yekutanga, **Mos.** 6:54.

MHURI. *Onawo* Amai; Baba, Vepanyama; Kuroora; Vana

Sekushandiswa kwazvinoitwa mumagwaro matsvene, mhuri inoumbwa nemurume nemukadzi, nevana, nedzimwe hama dzinenge dzichigara mumba imwecheteyo kana pasi pemukuru wemhuri. Mhuri inogona kuve mubereki mumwechete nevana, murume nemukadzi vasina vana, kana munhu ega anogara ega.

Kazhinji: Mauri dzose mhuri dzepasi dzicharopafadzwa, **Gen.** 12:3 (Gen. 28:14; Abr. 2:11). Ndichave Mwari wemhuri dzose dzelIsraeri, **Jer.** 31:1. Mhuri yose iri kudenga nepasi inodaidzwa nezita raBaba, **VaE.** 3:14–15. Adama naEva vakaunza mhuri yepasi rose, **2 Ni.** 2:20. Kubwinya kwenyu kuchave kuenderera mberi kwembeu kusvika narinhi, **D&Z** 132:19. Ndichamupa ngundu dzeupenyu hwokusingaperi munyika dzokusingaperi, **D&Z** 132:55. Kubatanidza vana kuvabereki rimwe rebasa guru rekuzara kwenguva, **D&Z** 138:48. Murume nemukadzi ndakavasika ndini, ndikati kwavari:

Ivai nemichero, muwande, **Mos.** 2:27–28. Hazvina kunaka kuti murume ave ega, **Mos.** 3:18. Adama naEva vakashanda pamwechete, **Mos.** 5:1.

Mabasa evabereki: Abrahamama acharaira vana vake, uye vachachengetedza nzira yaIshe, **Gen.** 18:17–19. Uchadzidzisa mazwi aya nesimba kuvana vako, **Deut.** 6:7 (Deut. 11:19). Uyo anoda mwana wake anomuranga, **Zir.** 13:24 (Zir. 23:13). Dzidzisa mwana nzira yaakafanira kufamba, **Zir.** 22:6. Garai nokufara nemukadzi uyo waunoda, **Mpa.** 9:9. Vose vana vako vachadzidziswa nalshe, **Isa.** 54:13 (3 Ni. 22:13). Vakudze vari murudo rwaIshe, **VaE.** 6:1–4 (Eno. 1:1). Kana paine asingariritire vekwake, aramba rutendo, **I Tim.** 5:8. Akavakurudzira nekunzwa kwose kwemubereki akapfava, **1 Ni.** 8:37. Tinotaura nezvaKristu kuti vana vedu vazive kwavangatarisire, **2 Ni.** 25:26. Varume vavo nevakadzi vavo vanoda vana vavo, **Jak.** 3:7. Vadzidzisei kudana nekushandirana, **Mosaya** 4:14–15. Muchadzivirira mhuri dzenyu kana kusvika mukudeuka kweropa, **Aru.** 43:47. Namatai mumhuri dzenyu kuti vakadzi venyu nevana venyu varopafadzwe, **3 Ni.** 18:21. Vabereki ngavadzidzise vhangeri kuvana vavo, **D&Z** 68:25. Wose munhu anotarisirwa kuriritira mhuri yake, **D&Z** 75:28. Vose vana vane kodzero pavabereki vavo, **D&Z** 83:4. Kudzai vana venyu muchiedza nechokwadi, **D&Z** 93:40. Gadziridzai imba yenyu, **D&Z** 93:43–44, 50. Vakatakura hupirisa vanofanira kukwezva vamwe nerudo chete rwusinganyengedzi, **D&Z** 121:41. Adama naEva vakaita zvose zvinhu kuti zvizivikanwe kuvana vavo, **Mos.** 5:12.

Mabasa emwana: Kudza baba vako namai vako, **Eks.** 20:12. Mwana wangu, inzwa kudzidzisa kwababa vako, **Zir.** 1:8 (Zvi. 13:1; 23:22). Jesu aive pasi pevabereki vake, **Ruka** 2:51. Jesu akaita kuda kwaBaba vake, **Joh.** 6:38 (3 Ni. 27:13). Teerera! vabereki venyu muna Ishe, **VaE.** 6:1 (VaKoro. 3:20). Kana vana vakatendeuka, kugumbuka kwenyu

kuchadzorwa, **D&Z** 98:45–48. Vanasikana vaEva vaive nerutendo vainamata Mwari vechokwadi vapenyu, **D&Z** 138:38–39.

Mhuri yekusingaperi. Dzidziso neZvibvumirano zvinoratidza kumira kwekusingaperi kwakaita hukama hwemuchato nemhuri. Muchato wekubwinya kweresesitiyaro nekuenderera mberi kwekubatana kwemhuri zvinoitira kuti varume nevakadzi vave vamwari (**D&Z** 132:15–20).

MICHERO YEKUTANGA

Zvirimwa zvekutanga kuunganidzwa mumwaka. Munguva yeTestamente yaKare, dzaipirwa kuna Ishe (Rev. 23:9–20). Avo vanobvuma vhangeri vachitsungirira kusvika kumagumo mukutenda ndivo vanofananidzwa nemichero yekutanga, nokuti ndeva Mwari.

Avo vanotevera Gwayana kwose kwari-noenda ndivo michero yekutanga kuna Mwari, **Zvaka.** 14:4. Avo vachaburuka kutanga naKristu ndivo michero yekutanga, **D&Z** 88:98.

MIJENYA

Nzira yokusarudza nayo kana kubvisa zvinodiwa pakusarudza, zvinowanzoitwa nokusarudza kapapa kamwechete kana katsotso kemuti kubva kune zvakawanda. Izvi zvinonzi kukanda mijenya.

Vakaparura nguwo dzake, vachikanda mijenya, **Mat.** 27:35 (Mpi. 22:18; Marko 15:24; Ruka 23:34; Joh. 19:24). Vakapa mijenya vavo, uye mijenya ikawira pana Matia, **Mabasa** 1:23–26. Takakanda mijenya—kuti ndiani wedu achaenda mumba maRabhani, **1 Ni.** 3:11.

MIKA

Muporofita wemuTestamente yaKare. Aive chizvarwa cheMoresheti-gadi, munyika yebani reJuda, uye akaporofita Hezekia ari mambo (Mika 1:1–2).

Bhuku raMika: Mika ndiro bhuku chete muTestamente yaKare rinotaura Betrehema senzvimbo ichaberekerwa

Mesia (Mika 5:2). Mubhuku iri Ishe vakarairana nevanhu vavo uye vakataura zvakare maererano nokunaka kwavo kwakare kwavari; vaida kwavari ruenzaniso tsitsi, nekuzvininipisa (Mika 6:8).

MIKAERI. *Onawo* Adama; Ngirozi huru

Zita raizivikanwa Adama naro kusati kwave neupenyu hwenyama. Anodaidzwa kuti Ngirozi huru. MuchiHeberu zita iri rinoreva kuti "Akaita saMwari."

Mikaeri, mumwe wemachinda makuru, akauya kuzoyamura Danieri, **Dan.** 10:13, 21 (D&Z 78:16). Mumazuva ekupedzisira Mikaeri achasimuka, sejinda guru, **Dan** 12:1. Mikaeri ngirozi huru akarwisana nadhiabhorosi, **Jud.** 1:9. Mikaeri nengirozi dzake vakarwisa nyoka yemoto, **Zvaka.** 12:7 (Dan. 7). Mikaeri ndiAdama, **D&Z** 27:11 (D&Z 107:53-57; 128:21). Mikaeri, Ngirozi huru yaIshe, acharidza hwamanda yake, **D&Z** 29:26. Mikaeri achaunganidza mauto ake akarwisa Satani, **D&Z** 88:112-115. Izwi raMikaeri rakanzwickwa richiburitsa pachena dhiabhorosi, **D&Z** 128:20.

MIORIVHI, GOMO RE. *Onawo* Getsemani

Chikomo chiri kumabvazuva kwenhika yeKidroni, kumabvazuva kweJerusarema. Kumawere acho ekumadokero, pedyo nepasi pachacho, pane bindu reGetsemani. Betafage neBetania dziri pamusoro nekumawere nekumabvazuva. Chikomo ichi chaive nzvimbo yezvinhu zvaiitika vuzvinji zvemubhaibheri (Mat. 24:3) uye ichavewo nzvimbo yakakosha muzvinhu zvezmazuva ekupedzisira (Zek. 14:3-5; D&Z 45:48-54; 133:20).

MIRAIRO INE GUMI. *Onawo* Mirairo yaMwari; Mosesi

Mitemo gumi yakapiwa naMwari kuburikidza nemuporofita Mosesi kuti itonge zviito zvehunhu.

Zita rayo rechiHeberu rinoti "Mazwi Gumi." Inodaidzawo kuti Chibvumi-

rano (Deut. 9:9) kana Uchapupu (Eks. 25:21; 32:15). Kupa kwaMwari Mirairo Inegumi kuna Mosesi, nekuburikidza naye kuIsraeri, zvinotsanangurwa muna Eks. 19:9-20:23; 32:15-19; 34:1. Mirairo yakanyorwa pamafendefu maviri emabwe, ayo akaiswa muAreka; saka Areka yakadaidzwa kunzi Areka yeChibvumirano (Num. 10:33). Ishe, vachitora kubva kuna Deut. 6:4-5 uye Rev. 19:18, akadimburira Mirairo Inegumi "mumirairo mikuru miviri" (Mat. 22:37-39).

Mirairo Inegumi yakadzokererwa muzvakazarurwa zvezmazuva ekupezdzisira (Mosaya 12:32-37; 13:12-24; D&Z 42:18-28; 59:5-13; DJS, Eks. 34:1-2).

MIRAIRO YAMWARI. *Onawo*

Anoteerera; Chitadzo; Mirairo, Inegumi; Mutemo; Shoko raMwari

Mitemo nezvinodiwa zvinopiwa naMwari kuvanhu, kune munhu mumwe kana pamwechete. Kuchengetedza mirairo kunounza maropafadzo alshe kune vanoteerera (D&Z 130:21).

Noa aiita zvose sekurairwa kwaaitwa naMwari, **Gen.** 6:22. Famba uri mumutemo wangu, uye uchengetedze mirairo yangu, uye urame, **Zir.** 4:4 (Zir. 7:2). Kana imi muchindida, chengetedzai mirairo yangu, **Joh.** 14:15 (D&Z 42:29). Chose chiri chii chatinokumbira, tinochitambira kwaari, nokuti tinochengetedza mirairo yake, **I Joh.** 3:22. Mirairo yake haireme, **I Joh.** 5:3. Musatsukunyuke mukuchengetedza mirairo, **1 Ni.** 2:10. Ishe haape mirairo kunze kwekunge agadzira nzira, **1 Ni.** 3:7. Ndakafanira kuita maererano nechaizvo chaizvo zvinotaurwa naMwari, **Jak.** 2:10. Mukuchengetedza kwamunoita mirairo yangu, muchabudirira munyika, **Jar.** 1:9 (Aru. 9:13; 50:20). Dzidzai muri vadiki kuchengetedza mirairo yaMwari, **Aru.** 37:35. Iyi mirairo ndeyangu, **D&Z** 1:24. Nzverai mirairo iyi, **D&Z** 1:37. Avo vasingachengetedze mirairo havangaponeswe, **D&Z** 18:46 (D&Z 25:15; 56:2). Mirairo yangu ndeye mweya;

haisi yenyama kana yenguva pfupi, **D&Z** 29:35. Mirairo inopiwa kuti tinzwisise chido chalshe, **D&Z** 82:8. Handizive, kunze kwekunge Ishe andiudza, **Mos.** 5:6. Ishe achaidza vanhu kuona kuti vanoita here zvose zvaanovaudza, **Abr.** 3:25.

MIRIAMI. *Onawo* Mosesi

MuTestamente yaKare, hanzvadzi yaMosesi (Num. 26:59).

Aichengeta areka yakaitwa nenhokwe, **Eks.** 2:1–8. Akatungamira vakadzi vaive nematambureni, **Eks.** 15:20–21. Akatsutsumwa kuna Mosesi akarohwa nemaperembudzi, akarapwa, **Num.** 12:1–15 (Deut. 24:9).

MISIMBOTI YECHITENDERO.

Onawo Dombo Remutengo
Mukuru; Smith, Joseph, Mwana

Zvinogedzo gumi nezvitatu zviri hwaro hwekutenda uko nhengo dzeChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva eKupedzisira vanotevedzera.

Joseph Smith akatanga kuzvinyora mutsamba kuna John Wentworth, mupepeti wepepanhau rainzi *Chicago Democrat*, mukupindurwa chikumbiro chake chekuda kuziva kuti nhengo dzeChechi dzinodaira chii. Tsamba iyi yakozovikanwa seTsamba yaWentworth uye ikatanga kashambadzwa mupepanhau rainzi *Times and Seasons* muna Karume mugore ra1842. Musi wa10 Gumiguru 1880, Misimbotti yechitendero yakatambirwa segwaro dzvene nesarudzo yenhengo dzeChechi ikabva yaiswa muDombo Remutengo Mukuru.

MISSOURI. *Ona* Jerusarema Idzva

MOABI. *Onawo* Roti

Nyika munguva dzeTestamente yaKare iri kumabvazuva kweDead Sea. MaMobi vaive vechizvarwa chaRoti uye vari vakanga vaine ukama nemaIsraeri. Vaitauro mutauro wainge wechiHeberu. Paigara paine hondo pakati pemaMobi nemaIsraeri (Vat. 3:12–30; 11:17; II Sam. 8:2; II Madz. 3:6–27; II Mak. 20:1–25; Isa. 15).

MORMONI (MAMORMONI).

Onawo Chechi raJesusu Kristu;
Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi
vaMazuva Ekupedzisira,

Zita rekupihwa rokuti *Mormoni* raka-vambwa nevanhu vakanga vasiri nhengo dzeChechi kutaura nhengo dzeChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Zita iri rinobva mubhuku rinoera remagwaro matsvene rakarongwa nemuporofita wakare Mormoni. Zita rakapiwa naIshe iro richazivikaniwa naro nhengo dzeChechi rinonzi "Vatendi." Zita chairo reChechi rinonzi Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.

MORMONI, BHUKU RA. *Ona*

Bhuku raMormoni

MORMONI, MUPOROFITA WECHINIFAI. *Onawo* Bhuku raMormoni

Muporofita wechiNifai, mukuru wezvuhondo, muchengeti wezvinyorwa muBhuku raMormoni. Mormoni akagara zvingaita kubva muna 311 kusvika muna 385 Kristu azvarwa (Morm. 1:2, 6; 6:5–6; 8:2–3). Akanga ari mutungamiri wemauto nguva huru yeupenyu hwake, kutangisa pazera remakore gumi nemashanu (Morm. 2:1–2; 3:8–12; 5:1; 8:2–3). Amaroni akaraira Mormoni kuti azvigadzirire kutora zvinyorwa nokuve muchengeti wazvo (Morm. 1:2–5; 2:17–18). Mushure mekunyora nhoroondo yeupenyu hwake pachake, Mormoni akapfupikisa mahwendefa makuru aNifai pamahwendefa aMormoni. Mushure akazopa zvinyorwa zvinoera izvi kumwanakomana wake Moronai. Mahwendefa aya akanga ari chidimu chezvinyorwa zvakadudzirwa naJoseph Smith zveBhuku raMormoni.

Mazwi aMormoni: Kabhuku kadiki kari muBhuku raMormoni. Pakati pemazwi ekupedzisira aAmarekai mubhuku raOmuni nemazwi ekutanga mubhuku raMosaya, Mormoni,

mupepeti wezvinyorwa zvose, aka-pfekedzera kabhuku kadiki aka. (Tarisai “Tsananguro pfupi yezveBhuku raMormoni” pamberi peBhuku raMormoni).

Bhuku raMormoni: Bhuku riri paro rega mukati megwaro rezvinyorwa zvitsvene zvinozivikanwa seBhuku raMormoni. Zvitsauko 1–2 zvinotaura nezvaAmaroni, muporofita wemaNifai, achiraira Mormoni kuti angawane mahwendefa rinhi uye kupi. Zvakarewo, hondo huru dzakatanga, uye MaNifai Matatu vakatorwa pamusana pekuipa kwevanhu. Zvitsauko 3–4 zvinotaura zvaMormoni achichemera rutendeuko rwevanhu: asi vakanga vapfuura pekuudzwa chinhu, uye kuipa kwakatonyanya kukura kwakanga kwava muIsraeri. Zvitsauko 5–6 zvinonyora hondo dzekupedzisira pakati pemaNifai nemaRamani. Mormoni akauraiwa pamwechete nevashinji verudzi rwemaNifai. Muchitsauko 7, asati afa, Mormoni akadaidzira kuvanhu—nguva iyoyo neichauya—kuti vatendeuke. Zvitsauko 8–9 zvinotaura kuti kekupe-dzisira mwanakomana waMormoni chete, Moronai ndiye akasara. Akanyora zvekupedzisira zverufu nokuparadzwa, kusanganisa kupera kwevanhu wechiNifai, uye akanyora mazwi kuzvizarwa zvamangwana nevaverengi vechinyorwa chino.

MORONAI, MUTUNGAMIRI.

Onawo Mucherechedzo
rerusununguko

MuBhuku raMormoni, muNifai akarurama ari mutungamiri wemauto aigara kumakore 100 Kristu asati azvarwa.

Moronai akasarudzwa kuita mutungamiri mukuru wemauto ose emaNifai, **Aru.** 43:16–17. Akatunha masoja emaNifai kuti ade kurwira rusununguko rwavo, **Aru.** 43:48–50. Akaita rupawo rwerusununguko nechipenga chebatyi rake, **Aru.** 46:12–13. Aive munhu waMwari, **Aru.** 48:11–18. Akashatirirwa hurumende nekushaya hany’a kwavo nerusununguko rwenyika, **Aru.** 59:13.

MORONAI, MWANAKOMANA WAMORMONI.

Onawo Bhuku
raMormoni; Mormoni,
Muporofita wechiNifai

Muporofita wechiNifai wekupedzisira muBhuku raMormoni (zvinganguve 421 Kristu azvarwa). Mormoni asati afa, akaendesa zvinyorwa zvenonhoroondo zvaidaidzwa kuti mahwendefa aMormoni kumwanakomana wake Moronai (Mazwi 1:1). Moronai akapedza kuronga mahwendefa aMormoni. Akaisawo zvitsauko 8 na9 kuBhuku raMormoni (Morm. 8:1). Akaisa muchidimbu nekuisawo bhuku raEta (Eta 1:1–2) ndokupa mhudzira bhuku rake rinonzi bhuku raMoronai (Moro. 1:1–4). Moronai akanama mahwendefa akaaviga muchikomo cheKumora (Morm. 8:14; Moro. 10:2). Muna 1823 Moronai akatumwa semunhu akanga amutswa kuvakafa kuzoratidza Bhuku raMormoni kuna Joseph Smith (D&Z 27:5; Nh—JS 1:30–42, 45). Airaira muporofita akanga achiri mudiki gore rega-rega kubvira muna 1823 kusvika 1827 (Nh—JS 1:54) pekupedzisira akazomupa mahwendefa muna 1827 (Nh—JS 1:59). Mushure mekupedza kududzira Joseph Smith akadzorera mahwendefa kunaMoronai.

Bhuku raMoronai: Bhuku rekupedzisira muBhuku raMormoni. Rakanyorwa nemuporofita wekupedzisira wemaNifai, Moronai. Zvitsauko 1–3 zvinotaura nezvekuparadzwa kwekupedzisira kwemaNifai, zvichipa rudzidziso maererano nokupa Mweya Mutsvene nehupirisita. Zvitsauko 4–5 zvinopa zshumire maererano nezvikainoitwa chaizvo mukupa sakaramende. Chitsauko 6 chitaura muchidimbu zvebasareChechi. Zvitsauko 7–8 imharidzo pamusoro pemitemo yekutanga yeshumiri panomirira nedzidziso dzaMormoni pamusoro perutendo, tariro, nerudo nenzira yekutonga zvakanaka nezvakaipa (Moro. 7), nekutsanangura kwaMormoni kuti vana vadiki vape nyu muna Kristu nokudaro havadi rubhabhatidzo (Moro. 8). Chitsauko 9

chinotsanangura unhubu hwerwudzi rwemaNifai. Chitsauko 10 ndiwo mashoko ekupedzisira aMoronai pamwechete nenzira yekuziva chokwadi cheBhuku raMormoni (Moro. 10:3–5).

MORONAIHA, MWANAKOMANA WEMUTUNGAMIRI MORONAI

Mutungamiri wemaNifai akanga akarurama muBhuku raMormoni (kuma 60 Kristu asati azvarwa).

Moronai akaisa mauto kumwanakomana wake Moronaiha, **Aru.** 62:43. Akatora zvakare guta reZarahemura, **Hir.** 1:33. Akaunza maRamani mukute-deuka akabva abata nyika zvakare, **Hir.** 4:14–20.

MOSAYA, BABA VABENJAMINI.

Onawo Benjamini, Baba waMosaya; Zarahemura

MuBhuku raMormoni, muporofita wechiNifai akaitwa mambo wevanhu vemuZarahemura.

Mosaya akayambirwa kuti atize munyika yaNifai, **Omu.** 1:12. Akawana vanhu veZarahemura, **Omu.** 1:14–15. Akaita kuti vanhu veZarahemura vadzidziswe muchirudzi chake, **Omu.** 1:18. Akaitwa mambo wevanhu vakabatana, **Omu.** 1:19. Mwanakomana wake, Benjamini, akatonga mushure mekufa kwake, **Omu.** 1:23.

MOSAYA, MWANAKOMANA WABENJAMINI.

Onawo Benjamini, Baba waMosaya; Mosaya, Vanakomana va

Mambo wechiNifai akarurama nemuporofita muBhuku raMormoni. Mosaya akatevera mufananidzo wakarurama wababa vake (Mosaya 6:4–7). Akadzira mahwendefa makumi maviri nemana egoridhe aive nezvinyorwa zvemaJaredhi (Mosaya 28:17).

Bhuku raMosaya: Bhuku riri muBhuku raMormoni. Zvitsauko 1–6 zvine mharidzo yakasimba yaMambo Benjamini kuvanhu vake. Mwewa walshe wakabata mwoyo yavo vanhu vakadzorwa

uye vakanzwa vasisina chido chekuita zvakaipa. Zvitsauko 7–8 zvinotaura nezvechikwata chevanhu vechiNifai avo vakanga vaenda vakanogara mukati memaRamani. Kwakatumirwa chikwata chekuti chinovatsvaga. Amoni, mutungamiri wechikwata chekutsvaga ichi, akawana akanzwa nezvemiyezvo yavo pasi pehudzvanziriri hwechiRamani. Zvitsauko 9–24 zvinotsanangura kudzvinyirirwa ikoko nokuti vatungamiri vavo—Zenifi, Noa, naRimuhai—vaigara vari pasi pemaRamani. Kufira chitenderi kwe-muporofita ainzi Abhinadhai naikwo kwakanyorwa. Aruma akatendeukira paitongwa Abhinadhai. Zvitsauko 25–28 zvinodzokorora Nyaya dzebuti mwanakomana waAruma nevanakomana vana vaMambo Mosaya vakatendeutswa sei. Muchitsauko 29 Mambo Mosaya vakakuridzira kuti tsika yevatongi itore nzvimbo yemadzimambo. Aruma mwanakomana waAruma akasarudzwa kuti ave mutongi mukuru wekutanga.

MOSAYA, VANAKOMANA VA.

Onawo Amoni, Mwanakomana waMosaya; Aroni, Mwanakomana waMosaya; Himunai; Mosaya, Mwanakomana waBenjamini; Omuna

MuBhuku raMormoni, vanakomana vana vaMambo Mosaya avo vakatendeuka mushure mekunge ngirozi yazviratidza kwavari yavadaidza kuti vatendeuke. Mazita avo aiva Amoni, Aroni, Omuna, naHimunai (Mosaya 27:34). Vakaita makore gumi nemanomwe vachibudirira mukuparidza vhangeri kumaRamani. Zvinyorwa zvekudzidzisa kwavo pakati pemaRamani zvinopiwa muBhuku raAruma, zvitsauko 17 kusvika 26.

Pakutanga vakanga vari vasingatende avo vakaedza kuparadza Chechi, **Mosaya** 27:8–10 (Aru. 36:6). Vakatsiurwa nengirozi vakabva vatendeuka, **Mosaya** 27:11–12, 18–20. Vakawana mvumo yekuparidzira kumaRamani, **Mosaya** 28:1–7.

MOSESI. *Onawo* Aroni, Mukoma waMosesi; Kusandura—Kusandura kwaKristu; Magwaro mashanu emutemo; Mirairo, Ine gumi; Mutemo waMosesi

Muporofita wemuTestamente yaKare akatungamirira maIsraeri kubva muusungwa hweEgipita akavapa mitemo yekunamata yemumusha, neyekudya sekuratidzwa kwazvakaitwa naMwari.

Hushumiri hwaMosesi yakaenda seri kwemiganhu yeupenyu hwake hwekufa. Joseph Smith akadzidzisa kuti, pamwechete naErija, akauya kuGomo reKushandurwa uye akasvikopa makiyi ehufundisi kuna Petro, Jakobo, naJohane (Mat. 17:3–4; Marko 9:4–9; Ruka 9:30; D&Z 63:21).

Mosesi akazviratidza kuna Joseph Smith naOliver Cowdery musi wa3 Chivabvu gore ra1836, mutemberi muKirtland, Ohio, uye akavagadza nokuwapa makiyi ekuunganidza kwemaIsraeri (D&Z 110:11).

Zvakazarurwa numaZuva Ekupezdisira zvintaura zvikuru maererano naMosesi. Anotaurwa kakawanda muBhuku raMormoni, nomuDzidziso neZvibvimirano zvatinodzidza mumharidzo yake (D&Z 84:20–26) nokutiwo akagashira ufundisi kubva kuvatezura vake, Jetero (D&Z 84:6).

Zvakazarurwa zvemazuva ekupezdisira zvinotsinhirawo rungano rwebhaibheri maererano nemharidzo yake pakati pevana veIsraeri zvotsigirawo kuti ndiye aiva munyori wemabhuku mashanu ayo anovamba Testamente yaKare (1 Ni. 5:11; Mos. 1:40–41).

Akapeswa nemwanasikana waFarao, Eks. 2:1–10. Akatizira kuMidiani, Eks. 2:11–22. Ngirozi yaIshe yakazviratidza kwaari muchigwenzi chaibvira, Eks. 3:1–15. Akataura nezvezvirwere zvaizouya kumaEgipita, Eks. 7–11. Ishe vakaisa Paseka, Eks. 12:1–30. Akatungamirira vana vaIsraeri kuyambuka Gungwa Dzvuku, Eks. 14:5–31. Ishe vakatumira mana mugwenga, Eks. 16. Akarova dombo paHorebi mvura ikabuda, Eks. 17:1–7. Aroni naHuri vakasi-

mudza maoko avo kuti Joshua akurire Amareki, Eks. 17:8–16. Jetero akamuraira, Eks. 18:13–26. Akagadzirira vanhu kuzviratidza kwaIshe pagomo reSinai, Eks. 19. Ishe vakaratidza Mirairo ine Gumi kwaari, Eks. 20:1–17. Iye nevakuru makumi manomwe vakaona Mwari, Eks. 24:9–11. Akatyora zvinyorwa zveuchapupu nokuparadza mhuru yegoridhe, Eks. 32:19–20. Akataura naMwari vakatarisana, Eks. 33:9–11. Akazviratidza pakapinduka Jesu, Mat. 17:1–13 (Marko 9:2–13; Ruka 9:28–36). Ngativei takasimba zvakaita Mosesi, 1 Ni. 4:2. Kristu ndiye muporofita akaita saMosesi uyo achamutswa naIshe, 1 Ni. 22:20–21 (Deut. 18:15; 3 Ni. 20:23). Akatungamira Israeri nokuzarurirwa, D&Z 8:3. Akaonekwa ari pakati pemweya inokudzwa, D&Z 138:41. Akaona Mwari vakatarisana, Mos. 1:2, 31. Akanga ari mumufananidzo weMumwechete Akaberekwa, Mos. 1:6, 13. Aizonyora zvinhu zvakanga zvaratidzwa kwaari maererano nekusika, Mos. 2:1.

Bhuku raMosesi: Bhuku riri muDombo Remutengo Mukuru rine dudziro yaJoseph Smith yakafemerwa yendima nomwe dzekutanga dzebhuku raGenesi.

Chitsauko 1 chinonyorwa chine chiratidzo umo Mosesi akaona Mwari, uyo akaratidza kwaari hurongwa hwise hweruponeso. Zvitsauko 2–5 chinyorwa chekusikwa nekupunzika kwemunhu. Zvitsauko 6–7 zvine chiratidzo chezvaEnoki neushumiri hwake panyaika. Chitsauko 8 chine chiratidzo chezva Noa nemvura zhinji.

Mabhuku mashanu aMosesi: Tarisai Genesi; Eksodo, Revitiko; Numeri; Deuteronomio

Mabhuku mashanu ekutanga eTestamente yaKare anozivikanwa semabhuku aMosesi. Mahwendefa esimbi akatorwa naNifai kubva kuna Rabhani aive nemabhuku aMosesi. (1 Ni. 5:11).

Nifai akaverenga zvakaanda zvakanyorwa mumabhuku aMosesi, 1 Ni. 19:23.

MOTO. *Onawo* Bhabhatidza; Gehena; Mweya Mutsvene; Pasi—Kusukwa kwePasi

Rupawo rwekusukwa, kucheneswa, kana kutsvindiswa. Moto unogona kuitawo serupawo rwekuvepo kwaMwari.

Mwari venyu moto unodya, **Deut.** 4:24. Ishe vanoita vashandi vavo kuti vave rimi remoto, **Mpi.** 104:4. Ishe vehondo vachavashanyira nerimi remoto rinodya, **Isa.** 29:6 (2 Ni. 27:2). Ishe vachauya nemoto, **Isa.** 66:15. Akafanana nemoto wemhizha, **Mara.** 3:2 (3 Ni. 24:2; D&Z 128:24). Achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene, nemoto, **Mat.** 3:11 (Ruka 3:16). Vakururama vachachengetedzwa nemoto, **1 Ni.** 22:17. Vakaipa vachaparadzwa nemoto, **2 Ni.** 30:10. Nifai akatsanangura kuti tinotambira sei rubhabhatidzo rwemoto neMweya Mutsvene, **2 Ni.** 31:13–14 (3 Ni. 9:20; 12:1; 19:13; Eta 12:14; D&Z 33:11). Muchataura kuregererwa kwezvitadzo nerubhabhatidzo, nemoto, **D&Z** 19:31. Chechi huru uye inonyangadza ichakandwa pasi mumoto unodya, **D&Z** 29:21. Pasi richapfuura semumoto uno nyungudutsa, **D&Z** 43:32. Kuvepo kwalshe kuchaita semoto unonyungudutsa, **D&Z** 133:41. Adama akabhabhatidzwa nemoto neMweya Mutsvene, **Mos.** 6:66.

MUAPOSITORI. *Onawo* Mudzidzi; Zvakazarurwa

MuchiGiriki, *Muapositioni* zvinoreva “akatumwako.” Ndiro zita Jesu raakapa kune vaneGumi neVaviri avo vaakasarudza akavagadza kuti vave vadzidzi vake vepedyo pedyo naye nevayamuri panguva yekuparidza kwake pano pasi (Ruka 6:13; Joh. 15:16). Akavatuma kuti vave vimiriri vake nokumushandira iye mushure mekukwira kwake kudenga. Zvose, panguva yekare ne muChikwata cheVaapositioni vaneGumi neVaviri muChechi yakadzorerwa nhasi uno, Muapositioni mupupuri anokosha wa-Jesu Kristu, pasi pose kuti apupure pamusoro pehumwari hwake neku-

muka kwake kuvakafa (Mabasa 1:22; D&Z 107:23).

Chechi yaKristu rakavakwa pahwaro hweVaapositioni nemaporofita, **VaE.** 2:20; 4:11. Rihai naNifai vakaona Vaapositioni vanegumi nevaviri vachitevera Jesu, **1 Ni.** 1:10; 11:34. Vaapositioni ndivo vachatonga imba yaIsraeri, **Morm.** 3:18. Avo vasingateerere mazwi emaporofita neVaapositioni vachabviswa, **D&Z** 1:14 (3 Ni. 12:1). Kudaidzwa nebasa revaneGumi neVaviri zvakaratidzwa, **D&Z** 18:26–36. Joseph Smith akagadzwa Muapositioni, **D&Z** 20:2; 21:1. Vaapositioni vapupuri vanokosha vezita raKristu uye vakatakura kiyi dzemharidzo, **D&Z** 27:12 (D&Z 112:30–32). Vaapositioni vaneGumi neVaviri vanoita chikwata chakaenzana simba reVatungamiri Vekutanga, **D&Z** 107:23–24. VaneGumi neVaviri Idare Repamusoro Rinofamba, **D&Z** 107:33. Vaapositioni vane makiyi ehushumiri, **D&Z** 107:35. Mamwe emabasa eVaapositioni anotsanangurwa, **D&Z** 107:58. Ndinoti kune vose vaneGumi neVaviri: nditeverei, mugopa zvekudya kuhwai dzangu, **D&Z** 112:14–15. Ndinotenda muVaapositioni, **Mis. yeCh.** 1:6.

Kusarudzwa kweVaapositioni: Vaapositioni vanosarudzwa nalshe (Joh. 6:70; 15:16).

Pavadzidzi vake Jesu akasarudza Vaapositioni vanegumi nevaviri, **Ruka** 6:13–16. Matia akasarudza kuti ave Muapositioni, **Mabasa** 1:21–26. Oliver Cowdery naDavid Whitmer vakatumwa kuti vatsvage vaneGumi neVaviri, **D&Z** 18:37–39.

MUBAPATIDZI. *Ona* Johane Mubapatidzi

MUCHERECHEDZO WERUSUNUNGUKO. *Onawo* Moronai, Mutungamiri

Mureza wakasimudzwa naMoronai, mukuru wemauto emaNifai muBhuku raMormoni. Moronai akaita mureza kuti atunhidze vanhu vechiNifai kuti vadzivire chitendero chavo, rusununguko, runyararo, nemhuri.

Moronai akaita chiratidzo cherusununguko nebhatyi rake rakabvaruka, **Aru.** 46:12–13. Avo vaizochengetedza chiratidzo vaipinda muchibvumirano, **Aru.** 46:20–22. Moronai akaita kuti chiratidzo chiiswe pamusoro penharire yose, **Aru.** 46:36 (Aru. 51:20).

MUCHERO WAKARAMBIDZWA.

Onawo Edeni; Kupunzika kwaAdama naEva

MUCHINJIKWA. *Onawo*

Dzikinura; Gorgota; Jesu Kristu; Kuroverwa; Sakaramende

Chimiswa chemuti panove ndipo pakaroverwa Jesu Kristu (Marko 15:20–26). Vazhinji munyika iye zvino vanotora muchinjikwa serupawo rwekuroverwa kwaKristu nemupiro unodzikinura; asika, Ishe vakamisa zviratidzo zvake zvekuroverwa kwake nekuzvipira—chingwa nemvura yesakaramende (Mat. 26:26–28; D&Z 20:40, 75–79). Mumagwaro matsvene, avo vanotora muchinjikwa wavo ndivo avo vanoda Jesu Kristu zvekuti vanozviramba ivo pachavo munezv zvisina huMwari nech chinhu cheruchiva rwenyika uye vachichengetedza mirairo yake (DJS, Mat. 16:25–26).

Torai muchinjikwa, munditevere, **Marko** 10:21 (3 Ni. 12:30; D&Z 23:6). Jesu akashingirira muchinjikwa uye agere kurudyi rwechigaro cheumambo hwaMwari, **VaH.** 12:2. Akasimudzwa pamuchinjikwa uye akaurirwa zvitema zvepasi rose, **1 Ni.** 11:33. Avo vakashingirira michinjikwa yenyika vachagara nhaka yeumambo hwaMwari, **2 Ni.** 9:18. Baba vangu vakanditumira kuti ndizoturikwa pamuchinjikwa, **3 Ni.** 27:14–15. Uyo asingatore muchinjikwa wake nekusanditevera nekusachengetedza mirairo yangu, iyeyo haazoponeswa, **D&Z** 56:2. Tarisa Mwanakomana weMunhu akasimudzwa pamuchinjikwa, **Mos.** 7:55.

MUDHIKONI. *Onawo* Hupirisita hwaAroni

Kudaidzwa mubasa reChechi mungu-

va dzeMuapositori Pauro (VaF. 1:1; I Tim. 3:8–13) uye chigaro chiri muHupirisita hwaAroni (D&Z 20:38, 57–59; 84:30, 111; 107:85).

MUDZIDZI. *Onawo* Joki;

Kupinduka; MaKristu; Muapositori

Muteveri waJesu Kristu anogara mae-rerano nedzidziso yaKristu (D&Z 41:5). *Mudzidzi* rinoshandiswa kutsanangura Vaapositori vaneGumi neVaviri avo vakadaidzwa naKristu panguva yekufundisa kwake ari nyama (Mat. 10:1–4). *Mudzidzi* rinoshandiswawo kutsanangura varume gumi navaviri avo Jesu akasarudza kutungamira Chechi pakati pemaNifai nemaRamani (3 Ni. 19:4).

Namai murau pakati pavadzidzi vangu, **Isa.** 8:16. Kana mukaramba muri mushoko rangu, zvino muri vadzidzi vangu, **Joh.** 8:31. Mormoni aive mudzidzi waJesu Kristu, **3 Ni.** 5:12–13. Muri vadzidzi vangu, **3 Ni.** 15:12. Vadzidzi vatatu havaire rufu, **3 Ni.** 28:4–10. Izwi reyambiro richave nemiro mo yevadzidzi vangu, **D&Z** 1:4. Vadzidzi vangu vachamira munzvimbo tsvene, **D&Z** 45:32. Avo vasingayeuke varombo, vasina, vanorwara nevanotambudzika havasi vadzidzi vangu, **D&Z** 52:40. Ani zvake asingade kuisa upenyu hwake pasi haasi mudzidzi wangu, **D&Z** 103:27–28.

MUDZIDZISI. *Ona* Dzidzisa

MUDZIDZISI, HUPIRISITA

HWAARONI. *Onawo* Hupirisita hwaAroni

Chinzvimbo chiri muHupirisita hwaAroni.

Basa remudzidzisi kutarisa chechi, **D&Z** 20:53–60. Chinzvimbo cheudzidzisi chibatandiswa chakafanira kwazvo kuhupirisita hudiki, **D&Z** 84:30, 111. Mutangamiri wechikwata chevadzidzisi ari pamusoro pevadzidzisi makumi maviri nevana, **D&Z** 107:86.

MUDZIMAI. *Ona* Kuroora; Mhuri

MUFANANIDZO. *Onawo*
Mabhuku evhangeri—
Kuwirirana kwemaVhangeri

Rungano rwakareruka rwunoshandiswa kutsanangura nekudzidzisa chokwadi kana mutemo wemweya. Mufananidzo unobva pakuzanisa chinhuwo zvacho kana chaitika nechokwadi, uye zvazvinenge zvichireva zvemufananidzo uyu, zvinovigwa kuvateereri avo vasina kugadzirira mumweya kuutambira (Mat. 13:10–17).

Jesu kazhinji aidzidzisa nemifananidzo. Kuti muone mifananidzo yake mikuru, tarasai “maVhangeri.”

MUFUDZI. *Onawo* Jesu Kristu;
Mufudzi akanaka

Mucherechedzo, munhu ane hany’ a nevana vaIshe.

Ishe ndivo mufudzi wangu, **Mpi.** 23:1. Vafudzi vakafanira kupachikafu kuzvipfuwo, **Ezk.** 34:2–3.

MUFUDZI AKANAKA. *Onawo* Jesu Kristu

Jesu Kristu ndiye Mufudzi Akanaka. Mukufananidza, vateveri vake vakaita sehwai idzo Jesu anochengeta.

Ishe mufudzi wangu, **Mpi.** 23:1. Acha-gutsa hwai dzake semufudzi, **Isa.** 40:11. Saizvozvo ndichatsvaka hwai dzangu, **Ezk.** 34:12. Ndini mufudzi akanaka, **Joh.** 10:14–15. Jesu ndiye uya mufudzi mukuru wehwai, **VaH.** 13:20. Akaverenga hwai dzake idzo dzinomuziva, **1 Ni.** 22:25. Mufudzi akanaka anokudaidzai muzita rake, rinove Kristu, **Aru.** 5:38, 60. Kuchave nedanga rimwechete, nomufudzi mu-mwechete, **3 Ni.** 15:21 (Joh. 10:16).

MUGARI WENHAKA

Munhu ane mvuno yekugara nhaka iye pachake kana yezvepasi kana zvipo zvemweya. Mumagwaro matsvene, vakarurama vanovimbiswa kuti vachazove vagari venhaka kune zvose zvina Mwari.

Abrahama aida mugari wenhaka, **Gen.**

15:2–5. Abrahama akave mugari wenhaka yenyika kuburikidza nokururama kwerutendo, **VaR.** 4:13. Tiri vana vaMwari, uye kana tiri vana, tozove vagari venhaka, vagari venhaka yaMwari, uye tiri vagari venhaka pamwechete naKristu, **VaR.** 8:16–17 (**D&Z** 84:38). Iwe uri mwanakomana, mugari wenhaka yaMwari kuburikidza nekuna Kristu, **VaG.** 4:7. Mwari vakasarudza Mwanakomana wavo mugari wenhaka yezvinhu kuvose, **VaH.** 1:2. Avo vanotaririra kuregererwa zvitadzo zvavo vagari venhaka yeumambo hwaMwari, **Mosaya** 15:11. Vanhu vakave vana vaKristu nevagari venhaka yeumambo hwaMwari, **4 Ni.** 1:17. Avo vakafa vasina ruzivo rwevhangeri vanogona kuve vagari venhaka yeumambo hweseresitiyaro, **D&Z** 137:7–8. Vakafa vanote-ndeuka vagari venhaka yeruponeso, **D&Z** 138:59. Abrahama akave chaiye mugari wenhaka pamusoro pekururama kwake, **Abr.** 1:2.

MUKADZI. *Onawo* Munhu

Munhu mukuru wechikadzi, mwana-sikana waMwari. Izwi rinoti *Mukadzi* rinoshandiswa dzimwe nguva mumagwaro matsvene sezwi rekukudza (**Joh.** 19:26; **Aru.** 19:10).

Mwari vakasika rume nehadzi, **Gen.** 1:27 (**Mos.** 2:27; 6:9; **Abr.** 4:27). Mukadzi akazvibata anokosha kupfuura marubhi, **Zir.** 31:10–31. Mukadzi kubwinya komurume, **I VaKori.** 11:7. Kana murume haafanire kushaya mukadzi nemukadziwo, asina murume, muna Ishe, **I VaKori.** 11:11. Vakadzi vakafanira kushonga zvakananira, **I Tim.** 2:9–10. Ini, Ishe Mwari, ndinofadzwa nokuzvibata kwevakadzi, **Jak.** 2:28. Wazviregererwa zvitadzo zvako, wave mudzimai akasarudzwa, **D&Z** 25. Madzimai anekodzero pavarume vavo kuti vavariritire, **D&Z** 83:2.

MUKANANI. *Ona* Kanani

MUKOHO

Magwaro matsvene dzimwe nguva

anoshandisa izwi *mukoho* semufanandizo kutaure kuunza vanhu muChechi, rinove ndiro umambo hwaMwari pasi pano, kana kunguva yekutongwa, sekuya kwechipiri kwaJesu Kristu.

Kukohwa kwapfuura, zhizha rapera, uye hatina kuponeswa, **Jer.** 8:20 (D&Z 56:16). Mukoho mukuru, asi vashandi vashoma, **Mat.** 9:37. Mukoho ndiko kupera kwenyika, **Mat.** 13:39. Kana chiri chii zvacho chinodyarwa nemunhu, ichocho ndicho chaachakohwawo, **VaG.** 6:7-9 (D&Z 6:33). Munda wachena wagadzirira kukohwewa, **D&Z** 4:4. Kukohwa kwapera uye mweya yenyu haina kuponeswa, **D&Z** 45:2. Nguva yekukohwa yasvika, uye shoko rangu rakafanira kuzadzikiswa, **D&Z** 101:64.

MUKURU WEZANA

Murume ari mumaoto emaRoma anotungamira chikwata chemakumi mashanu kusvika kuzana revarume. Chikwata chakadai chaingoita chikamu chimwe muzvikamu makumi matanhatu zvemaRoma. (Ona **Mat.** 8:5; **Ruka** 23:47; **Mabasa** 10:1-8.)

MUKUWO. *Onawo* Hupirisita; Kiyi dzeHupirisita; Kudzororwa pakare kwevhangeri; Vhangeri

Mukuwo wevhangeri inguva iyo Ishe yavanenge vaine muranda mumwechete anemvumo pano pasi aine makiyi ehupirisita hutsvene.

Adama, Enoki, Noa, Abrahamu, Mosesi, Jesu Kristu, Joseph Smith, nevamwe mumwe nemumwe wavo akatanga mukuwo mutsva wevhangeri. Kana Ishe varonga mukuwo, vhangeri rinoniswa pachena patsva kuti vanhu vemukuwo vasatarisire kumukuwo yakapfuura muruzivo rwehurongwa hweruponeso. Mukuwo wakatangiswa naJoseph Smith unozivikanwa se "mukuwo wekuzara kwenguva."

Mwari vekudenga vakamisa umambo, **Dan.** 2:44 (D&Z 65). Mumazuva ekupezdisira ndichadira Mweya wangu pane nyama yose, **Mabasa** 2:17 (Joere 2:28). Denga rakafanira kugashira Kristu

kudakara nguva dzekudzorerwa kwenzvinhu zvose, **Mabasa** 3:21. Mumukuwo wekuzara kwenguva, Mwari vachanganidza pamwechete zvose zvinhu muna Kristu, **VaE.** 1:10. Ndi-chamisa chechi yangu mukati mavo, **3 Ni.** 21:22. Ishe vakapira kiyi dzeumambo hwavo nemukuwo wevhangeri kwenguva yekupedzisira, **D&Z** 27:13. Kiyi dzemukuwo uno dzakapirwa mumaoko enyu, **D&Z** 110:12-16. Dzose kiyi dzemikuwo yakapfuura dzakadzorerwa mumukuwo yekuzara kwenguva, **D&Z** 128:18-21.

MUMHANZI. *Onawo* Dzimbo dzeChechi; Imba

Mumhanzi nemitinhimira inoimbwa nokuridzwa kubvira pakutanga munguva dzemuBhaibheri kuratidza rufaro, kurumbidza, nokunamata (II **Sam.** 6:5). Rungaitwe semunamato. Mapisarema zvimwe akaimbwa pachiridzwa mhanzi.

Miriamu, hanzvadzi yaAroni naMosesi, akatora tambureni iye nemadzimai vakatamba, **Eks.** 15:20. MaRevi vaive vaimbi vaive nezvekuridza nemarimba nezana rine makumi maviri evafundisi vachiridza hwamanda, **II Mak.** 5:12. Jesu nevaneGumi neVaviri vakaimba rwiyo mushure mechidyo chekupedzisira, **Mat.** 26:30. Dzidzisanai murairane munhetembo nenziyo nemunziyo dzemweya, **VaKoro.** 3:16. Mati mambozwa kuda kuimba rwiyo rwerudo rwunonunura? **Aru.** 5:26. Mweya waMwari unofadzwa murwiyo rwe-mumwoyo; rwiyo rwewakarurama munamato, **D&Z** 25:12. Rumbidzai Ishe nokuimba, nemimhanzi, nekutamba, **D&Z** 136:28.

MUMIRIRIRI. *Onawo* Jesu Kristu

Jesu Kristu Mumiririri wedu Kuna Baba (Moro. 7:28) anotikumbirira kwavari.

Jesu Kristu mumiririri wedu Kuna Baba, **I Joh.** 2:1 (D&Z 110:4). Jesu achamira vose, **2 Ni.** 2:9 (VaH. 7:25). Jesu akakunda rufu, zvikumupa simba

rekumirira vana vevanhu, **Mosaya** 15:8. Ndiri mumiririri wenyu kuna Baba, **D&Z** 29:5. Jesu Kristu anakureverera nyaya yaka, **D&Z** 45:3–5.

MUMWECHETE. *Ona* Kubatana; Mwari, Musoro hwehuMwari

MUMWECHETE AKABEREKWA.

Onawo Akaberekwa; Jesu Kristu

Rimwe zita raJesu Kristu. Ndiye chete Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa waBaba (Ruka 1:26–35; Joh. 1:14; 3:16; 1 Ni. 11:18–20; 2 Ni. 25:12; Aru. 7:10; 12:33; Mos. 7:62).

MUNAMATO. *Onawo* Ameni; Fungisisa; Kumbira; Kunamata

Kutaura kuna Mwari kune kuremekeza panguva munhu paanenge achipa kutenda nokukumbira maropafadzo. Minanato inotaurwa kuna Baba vedu Vekudenga muzita raJesu Kristu. Minamoto inogona kutaurwa zvino nzwika kana kuitwa chinyararire. Pfungwa dzemunhu dzinogona kuve munamoto kana dzakanangana nekunaMwari. Rumbo rweakarurama rungave munamoto kuna Mwari (**D&Z** 25:12).

Chikonzero chemunamoto hakusi kuti tisan dure kuda kwaMwari, asi kuti tiwane isu pachedu nevamwe makombero ayo Mwari vanoda kutipa, asi ari atakafanira kukumbira kuti tiwane.

Tinomata kuna Baba muzita raKristu (Joh. 14:13–14; 16:23–24). Tinogona zvechokwadi kunamata muzita raKristu kana zvido zvedu zviri zvido zvaKristu (Joh. 15:7; **D&Z** 46:30). Zvino tinobva takumbira zvinhu zvakanaka zvinogonekwa naMwari kutipa (3 Ni. 18:20). Mimwe minamoto inogara isina kupindurwa pamusana pekuti hapana kana painenge ichiratidza chido chaKristu asi zvinobva mukuzvida kwemunhu (**Jkb.** 4:3; **D&Z** 46:9). Naizvozvo, kana tikakumbira Mwari zvinhu zvisina kururama, zvinotipindukira (**D&Z** 88:65).

Zvino vanhu vakatanga kudaidza zita ralshe, **Gen.** 4:26. Panzvimbo yearitari, Abrahamama akaidza zita ralshe, **Gen.**

13:4. Muranda waAbrahama akakumbira ruyamuro mukuwanira Isaka mukadzi, **Gen.** 24:10–19. Mwari vanorambidza kuti nditadzire Ishe mukuregera kukunamatira, **I Sam.** 12:23. Ishe vanonzwa munamoto wevakarurama, **Zir.** 15:29. Uchandiwana, kana wawe kunditsvaka nemwoyo wako wose, **Jer.** 29:12–13. Namatirai ivavo vanokushandisai noutsinye, **Mat.** 5:44 (Ruka 6:28; 3 Ni. 12:44). Namatai kuna Baba venyu avo vari muruvande, **Mat.** 6:5–8 (3 Ni. 13:5–8). Netsika iyi saka imi namatai, **Mat.** 6:9–13 (Ruka 11:2; 3 Ni. 13:9). Kumbirai, chichapiwa kwamuri, **Mat.** 7:7 (3 Ni. 14:7; **D&Z** 4:7; 6:5; 66:9). Jesu akaenda mugomo riri paro rega kunonamata, **Mat.** 14:23. Rindai munamate, kuti musapinde mukuedzwa, **Mat.** 26:41 (Marko 14:38; 3 Ni. 18:15–18; **D&Z** 31:12). Ngaakumbire muruvimbo, pasina kumhenga-mhenga, **Jkb.** 1:5–6 (**D&Z** 42:68; 46:7). Munamoto wakadzama wemunhu akarurama unowanisa zvakawanda, **Jkb.** 5:16. Teererai kuMweya unodzidzisa munhu kunamata, **2 Ni.** 32:8–9. Ndakachema kwaari munamamoto mukuru, **Eno.** 1:4. Ndatsanya ndikanamata kwemazuva mazhinji, **Aru.** 5:45–46 (Aru. 26:22). Vakanga vazvipira kumunamoto kwazvo nekutsanya, **Aru.** 17:3. Mucharangerira here kuti Zenosi akatii maererano nemunamoto kana kunamata? **Aru.** 33:3. Zvinipisei, moramba muri munamoto, **Aru.** 34:18–27. Ranganai nalshe muzvinhu zvose zvamunoita, **Aru.** 37:37. Makafanira kunamata kuna Baba muzita rangu, **3 Ni.** 18:19–20. Namatai muri mumhuri dzenyu, **3 Ni.** 18:21. Jesu akanamata kuna Baba, **3 Ni.** 19:31–34 (Joh. 17; 3 Ni. 18:16). Akavaudza kuti vasarega kunamata mumwoyo yavo, **3 Ni.** 20:1. Kana akanamata chisiri chaicho chinangwa chemwoyo wake, hapana chazvinomupa, **Moro.** 7:6–9. Musakumbire icho chamusina kufanira, **D&Z** 8:10. Namatai nguva dzose, kuti mubude muri vakundi, **D&Z** 10:5. Ndinokurairai kuti makafanira kunamata muchitaura nechemumwoyo, **D&Z** 19:28. Mweya uchapiwa kwamuri

nemunamato weruvimbo, **D&Z** 42:14. Endai kumba yemunamato monopa masakaramende enyu, **D&Z** 59:9 (Mat. 21:13). Vabereki vachadzidzisa vana vavo kunamata, **D&Z** 68:28. Ishe Mwari vavo vanononoka kunzwa minamoto yavo, **D&Z** 101:7–8 (Mosaya 21:15). Ivai makapfava; Ishe Mwari venyu vachakupai mhinduro kuminamoto yenyu, **D&Z** 112:10. Adama akairwa kuti adaidze kuna Mwari muzita reMwanakomana, **Mos.** 5:8. Baba neMwanakomana vakazviratidza kuna Joseph Smith mukupindura munamato wake, **Nh—JS** 1:11–20.

MUNAMATO WAISHE. *Onawo* Munamato

Munamato wakapihwa noMuponesi kuvadzidzi vake uyo unoshanda semutowo weminamoto yose (Mat. 6:9–13; 3 Ni. 13:9–13).

MUNDA. *Onawo* Munda wemizambiringa walshe; Nyika

Mumagwaro matsvene, nzvimbo yakashama inoshandiswa kurimwa kana semafuro. Kazhinji inemucherechedzo wenyika nevanhu yayo.

Munda ndiyo nyika, **Mat.** 13:38. Umambo hwekudenga hwakaita seupfumi hwakavigwa mumunda, **Mat.** 13:44. Ndakaona munda mukuru wakapamhama, **1 Ni.** 8:9, 20. Munda wakanga waibva, **Aru.** 26:5. Munda wachena wamirira kukohwewa, **D&Z** 4:4 (**D&Z** 6:3; 11:3; 12:3; 14:3; 31:4; 33:3; 7). Munda waive nyika, **D&Z** 86:1–2. Ndichafanidza ushe uhwu kumunhu ane munda, **D&Z** 88:51.

MUNDA WEMIZAMBIRINGA WAISHE. *Onawo* Israeri; Munda

Rupawo rwemunda wekushanda kwemweya. Mumagwaro matsvene, munda wemizambiringa walshe kazhinji rinotaura imba yaIsraeri kana umambo hwaMwari pano pasi. Dzimwe nguva zvinotaura vanhu vose vepasi pano kazhinji.

Munda wemizambiringa walshe vevanhu veimba yaIsraeri, **Isa.** 5:7 (2 Ni. 15:7). Jesu akapa mufananidzo wevashandi vemumunda wemizambiringa, **Mat.** 20:1–16. Israeri yakafanana nemuorivhi wepamba uyo unovandudzirwa mumunda walshe wemizambiringa, **Jak.** 5. Varanda walshe vakafanira kuchekerera munda kwenguva yekupedzisira, **Jak.** 6. Ishe vacharopafadza vose vanoshanda mumunda wavo wemizambiringa, **D&Z** 21:9 (Aru. 28:14). Shandai imi mumunda wangu wemuzambiringa kwenguva yekupedzisira, **D&Z** 43:28.

MUNGAVA. *Onawo* Regerera

Sekushandiswa kwarinoitwa mumagwaro matsvene, mari kana zvinhu zvakweretwa kune mumwe zvinokonzera akwereta kuti ave semukusungikana. Mune imwe pfungwa, Jesu akadzidzisa kuti takafanira kukumbira Baba kuti vatiregerere mingava yedu, kana kutisunungura kuti tisaripe mutengo wezvitatadzo zvedu—kuburikidza norudzikinuro rwaJesu Kristu—mushure mekunge taregerera vamwe mhosva dzavo dzavanenge vatitadzira (Mat. 6:12; 3 Ni. 13:11).

Vakaipa vanokwereta uye vasingazobhadhara, zvakare, **Mpi.** 37:21. Anokwereta muranda kune akweretesa, **Zir.** 22:7. Ndakukuregerera mungava wose uya: Hawaifanirawo here kuti ungadai wakave nekunzwira mumwe tsitsi? **Mat.** 18:23–35. Usave nechikwereti chemunhu upi zvake, asi dananai, **VaR.** 13:8. Mune mungava wekusingaperi kuna Baba venyu Vekudenga, **Mosaya** 2:21–24, 34. Uyo wose anokwereta kumuvakidzani wake akafanira kudzorera chinhu chaakwereta, **Mosaya** 4:28. Ripa mungava, uye zvisunungure kubva muusungwa, **D&Z** 19:35. Zvinorambidzwa kuti uve nemungava kuvavengi vako, **D&Z** 64:27. Ripa mingava yako yose, **D&Z** 104:78. Musaite mungava wekuti muvake imba yaIshe, **D&Z** 115:13.

MUNHU. *Onawo* Kusikwa muMweya; Mwari, Musoro hweHumwari; Mweya; Vanakomana neVanasicana vaMwari

Zvinotaura kune ose marudzi evanhu, varume nevakadzi. Vose varume nevakadzi vanotorwa, sezvizvarwa zvaBaba Vekudenga. Kana vazvarwa muopenyu hwenyama, vanogashira miviri yenyama, inofa. Miviri iyi yakasikwa nemufananidzo waMwari (Gen. 1:26–27). Varume nevakadzi vakatendeka mukugashira zvisungo zvinodiwa, vachichengetedza zvbvumirano zvavo, uye vachiteerera mirairo yaMwari vanopinda mukusimudzirwa kwavo vozove saMwari.

Mwari vakasika munhu mumufananidzo wavo, **Gen.** 1:27 (Mosaya 7:27; D&Z 20:17–18). Munhu chii, zvekuti imi munomufunga? **Mpi.** 8:4–5. Akatukwa uyo munhu anovimba nemunhu uye achiita nyama ruoko rwake, **Jer.** 17:5 (2 Ni. 4:34; 28:26, 31). Pandakave munhu, ndakabvisa zvose zvehwana hudiki, **I VaKori.** 13:11. Vanhu varipo kuti vawane rufaro, **2 Ni.** 2:25. Munhu wenyama imhandu yaMwari, **Mosaya** 3:19. Makafanira kuve vanhu vakaita sei? **3 Ni.** 27:27. Mabasa emunhu anokanganisika, kwete mabasa aMwari, **D&Z** 3:3. Musatya munhu kupfuura Mwari, **D&Z** 3:7 (D&Z 30:11; 122:9). Zvose zvinhu zvakaitirwa kuyamura noku-shandiswa nemunhu, **D&Z** 59:18. Ndinoziva kuti munhu haasi chinhu, **Mos.** 1:10. Basa raMwari nokubwinya kuunza upenyu hwekusafa neopenyu hwo-kusingaperi hwemunhu, **Mos.** 1:39.

Munhu, Mwana weMweya waBaba Vekudenga: Vakawira pasi nehoso hwavo, vakati, Mwari, Mwari wemweya yose yenyama, **Num.** 16:22 (Num. 27:16). Imi muri vana vaIshe Mwari wenyu, **Deut.** 14:1. Muri vamwari uye mose imi muri vana veAri Pamusoro-soro, **Mpi.** 82:6. Muri vanakomana vaMwari mupenyu, **Hos.** 1:10. Hatina baba muwechete hese here? Hatina kusikwa naMwari mumwechete here? **Mara.**

2:10. Tiri zvizvarwa zvaMwari, **Mabasa** 17:29. Mweya pachawo unopupura kuti tiri vana vaMwari, **VaR.** 8:16. Ivai pasi paBaba vemweya, **VaH.** 12:9. Mweya yevanhu vose inoendeswa kumusha kune ivo Mwari vakavapa upenyu, **Aru.** 40:11. Vagari vemunyika vanakomana nevanasicana vakaberekwa naMwari, **D&Z** 76:24. Munhu pakutanga akange aina Baba, **D&Z** 93:23, 29. Mwari vakasika vose vanhu mumweya, vasati vave pausu hwenyika, **Mos.** 3:5–7. Ndini Mwari; Ndakaita nyika, nevianhu vasati vave munyama, **Mos.** 6:51.

Munhu, kugona kuve saBaba Vekudenga: Ivaika makakwana, kana sezvakaita Baba venyu, **Mat.** 5:48 (3 Ni. 12:48). Hazvina kunyorwa here mumutemo wenyu kuti muri vamwari? **Joh.** 10:34 (D&Z 76:58). Tingave vagari venhaka yaMwari uye vagari venhaka takabata naKristu, **VaR.** 8:17. Iwe uri mwana-komana, uye kana uri mwanakomana, uyu ari mugari wenhaka yaMwari kuburikidza naKristu, **VaG.** 4:7. Paachonekwa, tinenge takaita saiye, **I Joh.** 3:2. Kune uyu anokurira ndichamubvumira kugara neni pachigaro changu cheusha, **Zvaka.** 3:21. Kwavari ndakavapa kuti vave vanakomana vaMwari, **3 Ni.** 9:17. Avo vachagara nhaka yeumambo hweseresitiyaro ndivana mwari, kana vanakomana vaMwari, **D&Z** 76:50, 58. Zvino vachave vamwari, pamusana pekuti vane simba rose, **D&Z** 132:20.

MUNHU WENYAMA. *Onawo*

Kuberekwa naMwari,
Kuberekwa patsva; Kupunzika
kwaAdama naEva; Zvenyama

Munhu anosarudza kutongwa nezvinodiwa, zvido, mwoyo, nepfungwa dzenyama kunze kwekutongwa nekutumwa neMweya Mutsvene. Munhu akadaro anogona kunzwisisa zvinhu zvenyama asi kwete zvinhu zvemweya. Vose vanhu ndeve nyama, kana kuti vanofa, pamusana pekupunzika kwaAdama naEva. Wose munhu akafanira kuberekwa patsva murudzikinuro rwaJesu Kristu kuti arege kuva munhu wenyama.

Munhu wenyama haatambire zvinhu zveMweya, **I VaKori**. 2:14. Munhu wenyama imhandu kuna Mwari nokudaro akafanira kudzimwa, **Mosaya** 3:19. Uyo anorambira mutsika dzake dzakai-pa anoramba ari mukupunzika kwake, **Mosaya** 16:5 (Aru. 42:7-24; D&Z 20:20). Ndeupi munhu wenyama anoziva zvinhu izvi? **Aru**. 26:19-22. Munhu wenyama kana akaipa haana Mwari munyika, **Aru**. 41:11. Pamusana pekutadza kwake, munhu akave akafa mumweya, **D&Z** 29:41. Kana munhu wenyama haakwanise kugara pamberi paMwari, **D&Z** 67:12. Uye vanhu vakatanga kutevedza zvenyama nekunzwa kwavo vakava nehudhiabhorosi, **Mos**. 5:13 (Mos. 6:49).

MUNUNURI. *Onawo* Jesu Kristu; Muponesi

Jesu Kristu ndiye Mununuri mukuru werudzi rwevanhu pamusana pekuti iye, kuburikidza nerudzikinuro rwake, akabhadhara mutengo wezvitadzo zve-marudzi evanhu akaita kuti zvikwanisike kumutswa kuvakafa.

Ishe idombo rangu nemununuri wangu, **II Sam**. 22:2 (Mpi. 18:2; 144:2). Ndinoziva kuti mununuri wangu mupenyu, **Jobo** 19:25. Ndiwe ruyamuro rwangu nemununuri wangu, **Mpi**. 40:17 (Mpi. 70:5). Ndichakuyamura, vanodaro mununuri wangu, Mutsvene waIsraeri, **Isa**. 41:14 (Isa. 43:14; 48:17; 54:5; 59:20). Ini Ishe ndiri Muponesi wako neMununuri wako, **Isa**. 49:26 (Isa. 60:16). Daidzai zita rake kuti Jesu: nokuti achaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo, **Mat**. 1:21. Mwanakomana wemunhu akauya kuzopa upenyu hwake sumuripo wevazhinji, **Mat**. 20:28 (I Tim. 2:5-6). Ishe Mwari waIsraeri vakashanyira nekununara vanhu vavo, **Ruka** 1:68. Takayananiswa naMwari pamusana perufu rweMwanakomana wavo, **VaR**. 5:10. Mununuri achauya achibuda muZioni, **VaR**. 11:26. Jesu Kristu akazvipira pamusana pedu, kuti atinunure kubva mukuipa kwose, **Tito** 2:13-14. Jesu Kristu akatigeza kubva

muzvitema zvedu muropa rake, **Zvaka**. 1:5. Rununuro rwunouya nekuna nekuburikidza naMesia Mutsvene, **2 Ni**. 2:6-7, 26. Mwanakomana akatora paari kuipa kwevanhu nekutadza kwavo, akavanunura, akagutsa zvinodiwa nekutonga kwakanaka, **Mosaya** 15:6-9, 18-27. Kristu akauya kuzonunura vose avo vanoda kubhabhatidzwa mukutendeuka, **Aru**. 9:26-27. Achauya munyika kuzonunura vanhu vake, **Aru**. 11:40-41. Rununuro rwunouya kuburikidza nekutendeuka, **Aru**. 42:13-26. Jesu Kristu akauya kuzonunura nyika, **Hir**. 5:9-12. Kristu akanunura rwudzi rwevanhu kubva murufu rwenyama nerwemweya, **Hir**. 14:12-17. Rununuro rwunouya nekuna Kristu, **3 Ni**. 9:17. Ndini ndakanga ndakagadzirirwa kubvira kumavambo enyika kununura vanhu vangu, **Eta**. 3:14. Ishe mununuri yenyu vakatambudzwa nerufu rwenyama, **D&Z** 18:11. Kristu akatambudzikira vose kana vakatendeuka, **D&Z** 19:1, 16-20. Vana vadiki vanonunurwa nemune Mumwechete Akaberekwa, **D&Z** 29:46. Ndatumira Mwanakomana wangu Mumwechete Akaberekwa munyika kuti kuve nerununuro rwenyika, **D&Z** 49:5. Kristu ndiye mwenje neMununuri wenyika, **D&Z** 93:8-9. Joseph F. Smith akagashira chiratidzo cherununuro rwevakafa, **D&Z** 138. Vatendi vakabvuma Mwanakomana waMwari seMununuri neMuponesi wavo, **D&Z** 138:23. Tinodaira kuti nemuRudzikinuro rwaKristu, marudzi evanhu ose angangoponeswa, **Mis. yeCh**. 1:3.

MUNYARADZI. *Onawo* Jesu Kristu; Mweya Mutsvene

Magwaro matsvene anotaura nezve Vanyaradzi vaviri. Wekutanga Mweya Mutsvene (Joh. 14:26-27; Moro. 8:26; D&Z 21:9; 42:17; 90:11). Munyaradzi weChipiri ndiIshe Jesu Kristu (Joh. 14:18, 21, 23). Kana mumwe akawana Munyaradzi Wechipiri, Jesu Kristu anozviratidza kwaari nguva nenguva, anomurakidza Baba, uye achimudzidzisa vakatarisana (D&Z 130:3).

MUNYARADZI WEPIRI. *Ona*
Munyaradzi

MUNYORI

Testamente yaKare neTestamente Itsva dzinoshandisa izwi iri munzira dzakati-siyanei zvishoma-shoma: (1) MuTestamente yaKare, basa guru remunyorori raive rekukoponora magwaro matsvene (Jer. 8:8). (2) Vanyori vanotaurwa kazhinji muTestamente Itsva nedzimwe nguva vanodaizwa kunzi magweta kana anachiremba emurau. Vakakudza murau muhudzama vakaushandisa muzvinhu zvenguva yavo (Mat. 13:52; Marko 2:16–17; 11:17–18; Ruka 11:44–53; 20:46–47).

MUNYU

Waishandiswa sechinhu chakakosha mukuchengetedza kudya kusaore munyika yepasichigare; wainzi wakafanira kuvepo muopenyu.

Mukadzi waRoti akave shongwe yemunyu, **Gen.** 19:26. Muri munyu wenyika, **Mat.** 5:13 (Ruka 14:34; 3 Ni. 12:13). Vanhu vechibvumirano chalshe vanotariswa semunyu wenyika, **D&Z** 101:39–40. Kana vatendi vasiri vaponisi vevanhu, vaita semunyu warunduka, **D&Z** 103:9–10.

MUONI. *Onawo* Muporofita; Urimi neTumimi

Munhu akabvumirwa naMwari kuona nemaziso emweya zvinhu izvo Mwari zvavakaviga kunyika (Mos. 6:35–38). Ndiye mududziri nemuporofita (Mosaya 8:13–16). MuBhuku raMormoni, Amoni akadzidzisa kuti muoni chete ndiye angagone kushandisa vaturikiri vakasarudzwa, kana kuti Urimi neTamimi (Mosaya 8:13; 28:16). Muoni anoziva zvapakufuura, zviripo, nezvichauya. Chinyakare, muporofita aidaidzwa kuti muoni (I Sam. 9:9; II Sam. 24:11).

Joseph Smith ndiye muoni mukuru wemazuva ekupedzisira (**D&Z** 21:1; 135:3). Pamusoro paizvozvo, Mutungamiri hweKutanga neDare revaneGumi

neVaviri vanotsigirwa semaporofita vaoni nevadudziri.

Ava vanhu vakapanduka vanoti kuvao-ni, Musaone; nekumaporofita, Musaporofita, **Isa.** 30:9–10. Muoni wekusarudzwa andichakudza kubva mumuchero wechiuno chako, **2 Ni.** 3:6–15. Houno uchenjeri; hongu, kuve muoni, mududziri, muturikiri, nemuporofita, **D&Z** 107:92. Ishe akasarudza Hyrum Smith kuti ave muporofita, muoni nemududziri kuChechi, **D&Z** 124:91–94.

MUPARADZI. *Onawo* Dhiabhorosi Satani ndiye muparadzi.

Ishe haazobvumira muparadzi kuuya mudzimba dzenyu, **Eks.** 12:23. Muparadzi anotasva ari pamusoro pemvura, **D&Z** 61:19. Murindi angadai akaponesa munda wangu wemizambiringa kubva kumuparadzi, **D&Z** 101:51–54.

MUPARIDZI

Bhuku riri muTestamente yaKare rine pfungwa pamusoro pezvimwe zvaka-dzamisisa zvinetso zveupenyu.

Munyorori webhuku, muparidzi, anonyora zvizhinji zvebhuku kubva mukufunga kweavo vasinganzwisise vhangeri. Anonyora maererano nezvinonzwa vanhu vemunyika—avo vari “pasi pezuva” (Mpa. 1:9). Zvizhinji zvebhuku zvinoratidza kusawirirana nokusatari-sira (Mpa. 9:5, 10). Hazvizizvo Ishe zvavanoda kuti titarise upenyu tichiita asi kuti muparidzi akaona kuti zvinhu zvinoratidzwa kuvanhu vasina chiedza panyika. Zvidimbu zvemweya wakanyanya mubhuku iri zvitsauko 11 ne12, umo munyorori maanopedzisa achiti chinhu chete chekukosha kwenguva refu kuteerera kumirairo yaMwari.

MUPIRISITA, HUPIRISITA

HWAARONI. *Onawo* Aroni, Mukoma waMosesi; Hupirisita hwaAroni; Mupirisita wePamusoro

Chinzvimbo chiri muHupirisita hwaAroni. Makare-kare, chinzvimbo chepamusoro-soro muHupirisita hwaRevitiko uhwo hwaiva hwaAroni

chete nezvizvarwa zvake. Kristu paakazadzikisa mutemo waMosesi, mutemo yeseresitiyaro.

Mabasa emupirisita muChechi rakadzorerwa pakare anotsanangurwa, **D&Z** 20:46–52.

MUPIRISITA, HUPIRISITA

HWAMERKIZEDEKI. *Onawo*

Mupirisita hwepamusoro;

Hupirisita hwaMerkizedeki

Munhu anoitira vamwe mabasa eku-namata achitungamirirwa kuna Mwari. Kazhinji mumagwaro matsvene, vapirisita chaizvo vapirisita vepamusoro mugungano raMerkizedeki (Aru. 13:2). Avo vanogashira kuzara kwekubwinya kwaMwari mushure mekumuka kuvakafa vachave vapirisita nemadzimambo munyika yeseresitiyaro.

Merkizedeki aive mupirisita waMwari wepamusoro-soro, **Gen.** 14:18. Iwe uri mupirisita nariini wegungano reMerki-zedeki, **Mpi.** 110:4 (VaH. 5:6; 7:17, 21). Kristu akatiita madzimambo nevapirisita kunaMwari naBaba vake, **Zvaka.** 1:6 (Zvaka. 5:10; 20:6). Rangarirai kuti Ishe Mwari vakagadza vapirisita mugungano ravo dzvene, **Aru.** 13:1–20. Avo vanouya mukumuka kuvakafa kwevakarurama mapirisita nemadzi-she, **D&Z** 76:50, 55–60.

MUPIRISITA WEPAMUSORO.

Onawo Hupirisita hwaAroni;

Hupirisita hwaMerkizedeki

Nzvimbo iri muhupirisita. Magwaro matsvene anotaure nezve “mupirisita wepamusoro” nepaviri: (1) nzvimbo iri muHupirisita hwaMerkizedeki; uye (2) pasi pemurau waMosesi, anotaure veHupirisita hwaAroni.

Pfungwa yekutanga inoreva Jesu Kristu seMupirisita wePamusoro mukuru. Adama nemadzibaba ose naivowo vakange vari vapirisita vepamusoro. Nhasi, vatatu vanotungamira vari vapirisita vepamusoro ndivo vanoita Hutungamiri hweChechi uye vachitungamirira vamwe vose vane hupirisita nenhengo dzeChechi. Vamwe varume

vakakodzera pamusoro paivava vanogadza sevapirisita vepamusoro sekufanira kwazvo muChechi yose nhasi. Vapirisita vepamusoro vanogona kudaidzwa, vosimbiswa, uye vogadzwa semabhisopi (**D&Z** 68:19; 107:69–71).

Mupfungwa yechipiri, pasi pemurau waMosesi, anotungamira muHupirisita hwaAroni aidaidzwa kuti mupirisita wepamusoro. Nzvimbo iyi yaisiiranwa uye ichiuya nekudangwe mukati memhuri yaAroni, iye Aroni ari iye wekutanga mupirisita wepamusoro munhanho yaAroni (**Eks.** 28; 29; **Rev.** 8; **D&Z** 84:18).

Merkizedeki akange ari mupirisita waMwari wepamusoro-soro, **Gen.** 14:18 (Aru. 13:14). Vapirisita vepamusoro vaidaidzwa uye vachigadziridzwa kubvira pakutanga kwenyika, **Aru.** 13:1–10. Vapirisita vepamusoro vanoshanda muzvinhu zvemweya, **D&Z** 107:10, 12, 17.

MUPIRO. *Onawo* Chegumi; Kupa zvipo; Kupira; Kutsanya; Ruyamuro

Chipo kunaIshe. MuTestamente yaKare kazhinji izwi iri raishandiswa kutaura mipiro kana kupira kwokupisa. Chechi nhasi uno inoshandisa mupiro wekutsanya nezvimwe zvekupira nokuda kwomunhu (zvichisanganisa nenguva, zvipo, nokuwana) mukuyamura varombo nezvimwe zvakadaro zvakakodzera.

Makandibira mune chegumi nemipiro, **Mara.** 3:8–10. Chekutanga yanani nehama yako uye muzopa chipo chenyu, **Mat.** 5:23–24. Pirai mweya yenyu yose semupiro kuna Kristu, **Omu.** 1:26. Kana munhu akapa chipo asingade chaizvo, hapana chazvinomuyamura, **Moro.** 7:6. Kiyi dzehupirisita hadzichazot-rwa zvakare kudakara vanakomana vaRevi vapira zvakare mupiro kuna Ishe mukururama, **D&Z** 13:1. Mune iroro, zuva ralshe, muchapa mwoyo yenyu yose nemasakamende enyu kune Ari Pamusoro-soro, **D&Z** 59:12. Ngatipirei kuna Ishe sechechi nevanhu mupiro uri mukururama, **D&Z** 128:24.

MUPONESI. *Onawo* Jesu Kristu

Uyo anoponesa. Jesu Kristu, kuburikidza nerudzikinuro rwake, akapa rununuro neruponeso kurudzi rwose rwevanhu. “Muponesi” izita nekudanwa kwaJesu Kristu.

Ishe ndivo chiedza changu neruponeso rwangu, **Mpi.** 27:1 (Eks. 15:1–2; II Sam. 22:2–3). Ndini Ishe; kunze kwangu ini hakuna muponesi, **Isa.** 43:11 (D&Z 76:1). Daidzai zita rake kuti Jesu: nokuti achaponesa vanhu vake kubva muzvitadzo zvavo, **Mat.** 1:21. Kwamuri zuva ranhasi kwazvarwa Muponesi, anove ndiye Kristu Ishe, **Ruka** 2:11. Mwari vakada nyika zvekuti Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa akauya kuzoponesa vanhu, **Joh.** 3:16–17. Hakuna rimwe zita kunze kwera-Kristu iro ringaponeswe naro vanhu, **Mabasa** 4:10–12 (2 Ni. 25:20; Mosaya 3:17; 5:8; D&Z 18:23; Mos. 6:52). Kubva kudenga tinotsvaga Muponesi, Ishe Jesu Kristu, **VaF.** 3:20. Baba vakatumira Mwanakomana kuti ave Muponesi wenyika, **I Joh.** 4:14. Ishe vakamutsa Mesia, Muponesi wepasi rose, **1 Ni.** 10:4. Gwayana raMwari ndiro Muponesi wenyika, **1 Ni.** 13:40. Ruzivo rweMuponesi rwuchapararira kwose kunyika kumarudzi, ndimi, nevanhu, **Mosaya** 3:20. Kristu aifanira kufa kuti ruponeso rwuuye, **Hir.** 14:15–16. Kurevererwa nekutsveneswa kuburikidza neMuponesi zvakarurama ndezvechokwadi, **D&Z** 20:30–31. Ndini Jesu Kristu, Muponesi wepasi rose, **D&Z** 43:34. Wangu Mumwechete Akaberekwa ndiye Muponesi, **Mos.** 1:6. Sekuwanda kwevanodaira mune Mwanakomana vachitendeuka kuzvitadzo zvavo vachazoponesa, **Mos.** 5:15.

MUPOROFITA. *Onawo* Huporofita; Muoni; Mutungamiri; Zvakazarurwa

Munhu akaidzwa uye anotaura ari akamirira Mwari. Semutumwa waMwari, muporofita anogashira mirairo, huporofita, nezviratidzwa kubva kuna Mwari. Basa rake kuita kuti chido nehu-

nhu chaihwo hwaMwari zvizivikanwe kurudzi rwemunhu nokuratidza zvinoreva kushanda kwake navo. Muporofita anofumura chitadzo achitaura mubairo vacho uchauya. Muparidzi wekururama. Pane dzimwe nguva, muporofita angangofemerwa kuti ataire pamusoro pezvichaitika kuti zviyamure rudzi rwevanhu. Zvakadaro basa rake rekutanga, kupupurira Kristu. Mutungamiri weChechi ya-Jesu Kristu yaVatendi vaMazuva Eku-pedzisira muporofita waMwari pasi pano nhasi uno. Nhengo dzeHutungamiri hweKutanga nevaneGumi neVaviri Vaapositori vanotsigirwa seva-porofita, vaoni nevazaruri.

Mwari vangati vanhu vaIshe vose vave vaporofita, **Num.** 11:29. Kana paine muporofita, Ini Ishe ndichaita kuti ndizivikanwe kwaari muchiratidzo, **Num.** 12:6. Ishe vakaroverera valsraeri nemaporofita vose, **II Madz.** 17:13 (II Mak. 36:15–16; Jer. 7:25). Ndakakugadza muporofita kumarudzi, **Jer.** 1:5, 7. Anoisia pachena zvakavanda zvake kuvavanda vake maporofita, **Amosi** 3:7. Aitaura nemuromo wemaporofita vake vatsvene, **Ruka** 1:70 (Mabasa 3:21). Maporofita vose vakapupura pamusoro paKristu, **Mabasa** 10:43. Mwari vakaisa maporofita muChechi, **I VaKori.** 12:28 (VaE. 4:11). Chechi rakavakirwa pamusoro pehwaro yeVaapositori nevaporofita, **VaE.** 2:19–20. Vanhu vakaramba mazwi emaporofita, **1 Ni.** 3:17–18 (2 Ni. 26:3). NeMweya zvinhu zvose zvinaita kuti zvizivikanwe kumaporofita, **1 Ni.** 22:1–2. Kristu akauya kumaNifai kuti azadzikise zvose zvaakanga ataura nemiromo yevaporofita vake vatsvene, **3 Ni.** 1:13 (D&Z 42:39). Avo vasingateerere kumazwi evaporofita vachadimurwa, **D&Z** 1:14. Avo vanodaira mazwi emaporofita vane upenyu hwokusingaperi, **D&Z** 20:26. Shoko remuporofita, imi mucharitam-bira, sekunge ririkubva mumuromo mangu, **D&Z** 21:4–6. Zvakazarurwa nemirairo yeChechi zvinouya nekune mumwechete akagadzwa, **D&Z** 43:1–7. Basa reMutungamiri kutarisa zve-

Chechi yose nokuita saMosesi, kuve muporofita, **D&Z** 107:91–92. Tinote-nda muvaporofita, **Mis. yeCh.** 1:6.

MUPOROFITAKADZI. *Onawo*

Huporofita

Munhukadzi uyo agashira uchapupu hwaJesu aine mweya wekuzarurirwa. Muporofita wechikadzi haana hupirisa kana kiyi dzacho. Kana dai zvezvo madzimai mashoma chete mumagwaro matsvene ainzi maporofita, vazhinji vaiporofita, vakaita saRebeka, Hana, Erisabete, naMaria.

Miriami aidaidzwa kunzi muporofita-kadzi, **Eks.** 15:20. Debora ainzi muporofita-kadzi, **Vat.** 4:4. Hurda ainzi muporofita-kadzi, **II Madz.** 22:14 (**II Mak.** 34:22). Ana ainzi muporofita-kadzi, **Ruka** 2:36.

MUPUPURI. *Onawo* Uchapupu

Mazwi kana zvimwe zvinotaura kuti chimwe chinhu ndechechokwadi; uchapupu. Mupupuri angangowewo mumwe anopa mazwi akadaro kana zviripo zveruzivo rwemunhu; zvichireva kuti, mumwe munhu anopa uchapupu.

Musazopupura nhema, **Eks.** 20:16. Vhangeri richaparidzwa kunyika dzose kuti rive mupupuri kumarudzi ose, **Mat.** 24:14 (**JS—Mat.** 1:31). Muchave vapupuri kwandiri, **Mabasa** 1:8. Mweya pachawo unopupura nemweya wedu, **VaR.** 8:16 (**I Joh.** 5:6). Munoda kumira sevapupuri vaMwari panguva dzose, **Mosaya** 18:8–9. Tinotora sakaramende kuti tipupure kuna Baba kuti tichachengetedza mirairo nokurangarira Jesu nguva dzose, **3 Ni.** 18:10–11 (**Moro.** 4, 5; **D&Z** 20:77–79). Hamugashire uchapupu kudakara mushure mekuedzwa kwerutendo rwenyu, **Eta** 12:6. Mutemo wevapupuri: mumiromo yevapupuri vaviri kana vatatu muchamiswa shoko, **D&Z** 6:28 (**Deut.** 17:6, **Mat.** 18:16; **II VaKori.** 13:1; **Eta** 5:4; **D&Z** 128:3). Ndakugadzai kuti muve Vaapositori nevapupuri vakasarudzwa vezita rangu, **D&Z** 27:12 (**D&Z** 107:23). Makumi Manomwe vanodaidzwa kuti vave vapupuri kumaJentairi

nepasi pose, **D&Z** 107:25. Regai kuve neanonyora, uye regai ave mupupuri aona werubhabhatidzo rwenyu, **D&Z** 127:6 (**D&Z** 128:2–4).

MUREKI. *Onawo* Zedekia

Mwanakomana muTestamente yaKare waMambo Zedekia (zvingangove 589 Kristu asati azvarwa). Bhaibheri rinorondedzera vose vanakomana vaZedekia vakauraiwa (**II Madz.** 25:7), asi Bhuku raMormoni rinonyatsoisa pachena kuti Mureki akapona ndiye akasara (**Hir.** 8:21).

Zarahemura aive chizvarwa chaMureki, **Mosaya** 25:2. Vanhu vaMureki vakabatana nemaNifai, **Mosaya** 25:13. Ishe vakaunza Mureki munyika yekuchamhembe, **Hir.** 6:10. Vose vevanakomana vaZedekia vakauraiwa kunze kwaMureki, **Hir.** 8:21.

MUREVERERI. *Onawo* Dzikinura; Jesu Kristu

Murevereri kana munyai. Jesu Kristu ndiye murevereri pakati paMwari nemunhu. Rudzikinuro rwake akaita kuti zvive nyore kuvanhu kuti vate-ndeuke kuzvitema zvavo nokuyanana naMwari.

Hakuna munhu anouya kuna Baba kunze kwekuna Kristu, **Joh.** 14:6. Kune murevereri mumwechete pakati paMwari nevanhu, **I Tim.** 2:5. Kristu murevereri muchibvumirano chiri nani, **VaH.** 8:6 (**VaH.** 9:15; 12:24; **D&Z** 107:19). Mesia Mutsvene achareverera vose vana vevanhu, **2 Ni.** 2:9 (**Isa.** 53:12; **Mosaya** 14:12). Makafanira kutarisa kuna Murevereri mukuru, **2 Ni.** 2:27–28. Tinoitwa vazere vakakwana kuburikidza nekuna Jesu murevereri wechibvumirano chitsva, **D&Z** 76:69.

MUREZA

Mumagwaro matsvene, mureza kana rupawo apo vanhu vanoungana mukubatana pachinangwa kana mazivikanirwo. Pasi chigare mureza waiita senzvimbo yekuunganira yemauto mhondo. Bhuku raMormoni neChechi

yJesusu Kristu mireza yezviratidzo kumarudzi ose epasi.

Achasi mudza mureza kumarudzi, **Isa.** 5:26 (2 Ni. 15:26). Mudzi waJesi uchamira semureza, **Isa.** 11:10 (2 Ni. 21:10; D&Z 113:6). Simudzai mureza weru nyararo, **D&Z** 105:39.

MURINDIRI. *Onawo* Yambira, Yambiro

Kuve munochenjerera kuchengetedza, kurinda. Munhu anogarira achiteerera akamirira akagadzirira. Varindi vatungamiri vanodaidzwa nevamiririri valshe kuti vave nemabasa akamiswa kuitira kugara kwakanaka kwevamwe. Avo vanodaidzwa sevatumamiri vane basa rekuwewo varindi kunyika yose.

Ndakuita murindi, **Ezk.** 3:17–21. Varindi vanosimudza izwi rekuyambira vanoponesa mweya yavo, **Ezk.** 33:7–9. Saka rindirai: nokuti hamuzive nguva iyo inouya Ishe venyu, **Mat.** 24:42–43 (**Mat.** 25:13; **Marko** 13:35–37; **D&Z** 133:10–11). Rindirai munamate kuti musapinde mukuedzwa, **Mat.** 26:41 (3 Ni. 18:15, 18). Kana mukaszvitarisira pachenyu, pfungwa dzenyu, mazwi enyu, zviito zvenyu, makafanira kufa, **Mosaya** 4:30. Aruma akagadza vafundisi nemagosa kuti vatungamire nekutarira chechi, **Aru.** 6:1. Uyo asingagarire Muponesi acharaswa, **D&Z** 45:44. Bhisshopi nevamwe vanodaidzwa nokugadzwa naMwari kuti vatarise Chechi, **D&Z** 46:27. Ishe vakaisa varindi mumunda wemizambiringwa, **D&Z** 101:44–58.

MUROMBO. *Onawo*
Akazvininipisa; Kupa zvipo;
Kutsanya; Mupiro; Ruyamuro

Mumagwaro matsvene, *murombo* zvinogona kureva (1) vanhu vasina zvinhu zvinodiwa, zvakafanana nezvekudya, nhumbi dzekupfeka, nepekugara, kana (2) vanhu vakazvininipisa vasina rudado.

Varombo muzvinhu: Usazopfumbata ruoko rwako kuhama yako murombo, **Deut.** 15:7. Akaipa murudado rwake

anotambudza varombo, **Mpi.** 10:2. Uyo anopa kuvarombo haazoshaya, **Zir.** 28:27. Unzai varombo kumba kwenyu, **Isa.** 58:6–7. Kana muchida kuve vakakwana, ipai kuvarombo, **Mat.** 19:21 (**Marko** 10:21; **Ruka** 18:22). Ko Mwari havana kusarudza varombo vepasi pano here? **Jkb.** 2:5. Pamusana pekuti vakapfuma vanoshora varombo, **2 Ni.** 9:30. Kuti muwane kuregererwa kwezvitadzo zvenyu, ipai zvamuinazvo kuvarombo, **Mosaya** 4:26. Vakapa zvinhu zvavo kuvarombo, **Aru.** 1:27. Kana mukatananisa vanoshaya, munamate venyu hauna chaunoreva, **Aru.** 34:28. MaNifai aive nezvinhu zvavo zvose pamwechete; pakanga pasina mupfumi kana murombo, **4 Ni.** 1:3. Mucharangerira varombo, **D&Z** 42:30 (**D&Z** 52:40). Nhamo kuvarombo avo vane mwoyo isina kutyoka, **D&Z** 56:17–18. Varombo vachauya kusvitsa yeGwayana, **D&Z** 58:6–11. Bhisshopi achatsvaka varombo, **D&Z** 84:112. Murau wevhangeri unotonga kuchengetwa kwevarombo, **D&Z** 104:17–18. Makange musina murombo mukati mavo, **Mos.** 7:18.

Murombo mumweya: Vakakomborerwa zvizhinji avo vanozvipfavisa vasina kumanikidzwa pamusana peurombo, **Aru.** 32:4–6, 12–16. Vakakomborerwa varombo mumweya avo vanouya kwandiri, **3 Ni.** 12:3 (**Mat.** 5:3). Varombo nevanyoro vachawana vhangeri richiparidzwa kwavari, **D&Z** 35:15.

MURUME. *Ona* Kuroora; Mhuri

MURUME WEHUTSVENE. *Onawo*
Baba Vekudenga; Mwanakomana
weMunhu; Mwari, Musoro
hweHumwari

Rimwe zita raMwari Baba (**Mos.** 6:57).

MUSHA. *Onawo* Mhuri

Musha ndiwo wakafanira kuve nzvimbo inokosha yevhangeri nemabasa emhuri.

Murume achave akasununguka pamusha kuti afadze mukadzi wake, **Deut.** 24:5. Akamutumira kumba kwake,

Marko 8:26. Itai kuti vana varatidzwe mutsa pamba, **I Tim.** 5:4. Ivai vanozvibata vanehunhu, vachengeti vepamusha, **Tito** 2:5. Endai kudzimba dzenyu munofunga zvinhu zvandataura, **3 Ni.** 17:2–3. Ndakavakuridzira kuti varwire vakadzi vavo, nevana vavo, nedzimba dzavo, nemisha yavo, **Morm.** 2:23. Vana baba vanoudzwa kuti vashinge nokuve nehanya nemisha yavo, **D&Z** 93:43–44, 48–50.

MUSHUMIRI. *Onawo* Hupirisita; Rubatsiro

Kuita basa raIshe pano pasi. Vashandi vaMwari vakasarudzwa vakafanira kudaidzwa naMwari kuitira kuti vagoita basa rake. Kana vashumiri vechokwadi vachiita kuda kwaIshe, vanomiririra Ishe mumabasa avo uye vachishanda senhumwa dzake (**D&Z** 64:29), nokudaro vachiita basa rakafanira kuitwa kuti rudzi rwevanhu rwuponiswe. Ishe vakapa Vaapositori, vaporofita, vavhangeri, vapirisita vepamusoro, vane makumi manomwe, magosa, mabhishopi, vapirisita, vadzidzisi, madhikoni, vayamuri, nedzihurumende kuti vate ndi vakwaniswe, kuitira basa reshumiri (VaE. 4:11–16; I VaKori. 12:12–28; **D&Z** 20; 107).

Ishe vakamusarudza kuti ashande muzita raIshe, **Deut.** 18:5. Vanhu vachakudaidzai kuti Vashumiri vaMwari wedu, **Isa.** 61:6. Mwanakomana wemu-nhu haana kuuya kuti ashumirwe, asi kuti ashumire, **Mat.** 20:26–28. Ndazviratidza kukuita iwe uve mushumiri nemupupuri, **Mabasa** 26:16–18. Mwari havazi vasina kururama kuti vanganganwe kushanda kwako kwerudo kwekuti wakashumira Vatendi, **VaH.** 6:10. Kana munhu akashumira, regai azviite sekugona kwaakapiwa naMwari, **I Pet.** 4:10–11. Vakadzidzisa, uye vakashandirana, **3 Ni.** 26:19. IbasaneGumi neVaviri kugadza vaparidzi vanoshumira, **D&Z** 107:39–40. Mupirisita wepamusoro anogona kutumwa kuti ashumire zvinhu zvepanyika, **D&Z** 107:71–72. Ava vemakumi manomwe ndeve kufamba vachishumira,

D&Z 107:93–97. Magosa anogadzwa kuti vave vashumiri vanomirira mu-chechi mangu, **D&Z** 124:137.

MUSIKI. *Ona* Jesu Kristu; Kusika

MUSIMBOTI. *Onawo* Vhangeri

Dzidziso yekutangisa, chokwadi, kana mutemo. Misimbotti yekutanga yevhangeri rutendo munaIshe Jesu Kristu nekutendeuka (Mis. yeCh. 1:4).

Tisingasiye misimbotti yedzidziso ya-Kristu, ngatiendei mukukwana, **VaH.** 6:1–3. Magosa, vapirisita, nevadzidzisi vachadzidzisa misimbotti yevhangeri, iyo iri mumagwaro matsvene, **D&Z** 42:12. Dzidziswaizwa zvakananyanya kukwana mumusimbotti, mudzidziso, muzvinhu zvose, **D&Z** 88:78 (**D&Z** 97:14). Wose munhu angashanda mudzidziso nemumusimbotti maererano nekuzvibata kwandakakupai, **D&Z** 101:78. Musimbotti upi neupi zvawo weruzivo rwatinowana muupenyu huno huchakwira nesu mukumuka muvakafa, **D&Z** 130:18–19.

MUTARIRI. *Onawo* Akadaidzwa naMwari

Munhu anochengetedza mararamiro kana zvinhu zvemumwe. Izvo zvinochengetedzwa nemutariri zvinonzi hutariri. Zvose zvinhu panyika ndezvaIshe; tiri vatariri vavo. Tinozvidavira kuna Ishe, asi tinogona kupira nezveutariri hwedu kune avo vakapiwa mvumo naMwari. Kana tikagashira kudaidzwa kuti tishande kubva kuna Ishe kana varanda vavo vane mvumo, utariri ihwohwo hunogona kusanganisa zvose zvemweya nezvenyama (**D&Z** 29:34).

Wakavimbika pazvinhu zvishoma, ndichakuita mutongi pamusoro pezvinhu zvizhinji, **Mat.** 25:14–23. Uyo ani zvake achapiwa zvizhinji, kuna iyeyo kuchadiwa zvakanwanda, **Ruka** 12:48 (**D&Z** 82:3). Jesu akapa rungano rwemutariri akanga asina kururama, **Ruka** 16:1–8. Ani zvake achawanikwa ari mutariri akavimbika achapinda mumufaro waIshe vake, **D&Z** 51:19.

Wose munhu anosungirwa kupa rungano rweutariri hwake, **D&Z** 72:3–5. Uyo mutariri akavimbika akangwara achagara nhaka yezvinhu zvose, **D&Z** 78:22. Ishe vachaita kuti wose munhu azvipindurire semutariri pamusoro pemapropafadzo yenika, **D&Z** 104:11–17 (**D&Z** 42:32). Shingirirai kuti muve mutariri akangwara, **D&Z** 136:27.

MUTAURO

Mazwi, akanyorwa kana kutaurwa, aiswa pamwechete nechikonzero chekuti pave nekuzivikanwa kwepfungwa, nemazano. Mashandisiro atinoita mutauro zvinoratidza manzwiro atinoita kuna Mwari nevamwe vanhu. Pakuuya kechipiri kwaJesu Kristu Ishe achapa kumarudzi ose evanhu mutauro wakachena (**Zef.** 3:8–9).

Pasi pose paiva nemutauro wumwechete, **Gen.** 11:1. Ishe vakapesanisa mutauro wepasi pose, **Gen.** 11:4–9. Wose munhu akavanzwa vachitaura muchirudzi chake pachake, **Mabasa** 2:1–6. Ishe anotaura kuvanhu maererano nendimi dzavo, **2 Ni.** 31:3 (**D&Z** 1:24). Benjamini akadzidzisa vanakomana vake mutauro wamadzibaba vake, kuti vazove varume vanonzwisa, **Mosaya** 1:2–5. Uyo ane rurimi rwakapfava uye rwuchisimudzira vamwe ndewa Mwari kana achiteerera zvisungo zvangu, **D&Z** 52:16. Itai kuti muzive mitauro, ndimi, nevanhu, **D&Z** 90:15. Adama nevana vake vaive nemutauro wakanga wakachena usina kusvibiswa, **Mos.** 6:5–6, 46. Mwari vakapa Enoki simba guru remutauro, **Mos.** 7:13.

MUTAURO USINA RUKUDZO

KUNA MWARI. *Ona* Kutaura Zvisina

MUTEMO. *Onawo* Anoteerera; Kuropafadzwa; Mirairo yaMwari; Mutemo waMosesi

Mirairo kana mirau yaMwari panove ndipo panobva ose maropafadzo nekurangwa kwose kudenga nepano pasi. Avo vanoteerera mitemo yaMwari va-

nogashira maropafadzo akavimbiswa. Muporofita Joseph Smith akadzidzisa kuti vanhu vakafanirao kuteerera, kukudza nekutsigira mirau yenyika (**Mis. yeCh.** 1:12).

Mutemo waMosesi waive mutemo wekugadzirira varume nevakadzi kuti vaunzwe kuna Kristu. Waive mutemo wekurembidza, nokumanikidza nezvisungo. Nhasi mutemo waKristu, uyo wakazadzikisa mutemo waMosesi, kuzara kwevhangeri kana “kukwana kwe-murau werusununguko” (**Jkb.** 1:25).

Mwari vakapa mirairo kuna Adama, **Gen.** 1:28; 2:16–17. Mwari vakapa mitemo kuna Noa, **Gen.** 9:1. Mutemo waIshe wakakwana, kudzosa mweya, **Mpi.** 19:7. Ishe ndivo mupi wedu wemutemo, **Isa.** 33:22. Kune mupi wemutemo mumwechete, **Jkb.** 4:12. Pasina mutemo, hapana kurangwa, **2 Ni.** 9:25. Kune mutemo wakapihwa, **Aru.** 42:17–22. Vanhu vachatongwa maererano nemutemo, **Aru.** 42:23. Kristu ndiye mutemo, **3 Ni.** 15:9. Yose mitemo ndeye mweya, **D&Z** 29:34. Joseph Smith akagashira mutemo weChechi nokuzarurirwa, **D&Z** 42. Uyo anochengeta mutemo waMwari haana chaangatyorerer mitemo yenyika, **D&Z** 58:21. Chiedza chaKristu ndiwo mutemo unotongwa nawo zvose zvinhu, **D&Z** 88:7–13. Akapa mutemo kuzvinhu zvose, **D&Z** 88:42–43. Vanhu vakafanira kucherechedza mutemo wenyika, **D&Z** 98:4–5. Kana tikawana ropafadzo kubva kuna Mwari, zvinoitwa nekuteerera mutemo, **D&Z** 130:20–21. Chechi yakataura zvainotenda maererano nemitemo yenyika, **D&Z** 134. Rudzi rwevanhu rwunoponeswa nekuteerera kumitemo nezvisungo zvevhangeri, **Mis. yeCh.** 1:3.

MUTEMO WAMOSESI. *Onawo*

Chakachena nechisina Kuchenai; Hupirisita hwaAroni; Mosesi; Mutemo

Mwari vaipa mitemo nekuna Mosesi kumba yaIsraeri kuti itore nzvimbo yemutemo wepamusoro soro wavainge vatadza kuteerera (**Eks.** 34; **DJS,** **Eks.** 34:1–2; **DJS,** **Deut.** 10:2). Mutemo

waMosesi wakange uine misimboti, mirau, mitambo, mapira, nekupawo mucherechedzo yayita kuti vanhu varangarire mabasa avo nezva vaitarisirwa kuita. Zvinosanganisa mutemo weku-zvibata, tsika, kunamata, nemirairo zvezyenyama nekuita—zvichisanganisa zvekupira (Rev. 1-7)—zvakanga zvichiitirwa kuti zvivaveuchidze nezva Mwari nebaso ravo kwavari (Mosaya 13:30). Rutendo, kutendeuka, rubhabhatidzo mumvura, nokuregererwa kwezvitadzo zvaive zvimwe zvemutemo, sezvakanga zvakaite Mirairo ine Gumi nemimwe mirairo mizhinji yetsika nehunhu hwepamusoro-soro. Mitemo mizhinji yemitambo yakazadzikiswa pakufa nekumuka kuvakafa kwaJesu Kristu, kwakapedza kupira nekudeura ropa (Aru. 34:13-14). Mutemo uyu waitwa pasi peHupirisita hwaAroni uye raive vhangeri regadziriro yekuunza vakanamatira kwariri kuna Kristu.

Ndichavapa mutemo sepakutanga, asi zvichave shure kwemurairo wenyama, **DJS, Eks.** 34:1-2. Mutemo ndiwo waive mudzidzisi wedu wechikoro kutiunza kuna Kristu, **VaG.** 3:19-24. Tinochengetedza mutemo waMosesi, uye totarisa mberi nekusimba kuna Kristu, **2 Ni.** 25:24-30. Ruponeso harwuuye nemutemo waMosesi wega, **Mosaya** 12:27-13:32. Mandiri mutemo waMosesi unozadzikiswa, **3 Ni.** 9:17. Mutemo wakapiwa kuna Mosesi une kuperera mandiri, **3 Ni.** 15:1-10. Pamusana pekusatereera, Ishe vakatora Mosesi neHupirisita Hutsvene kubva kuvana vaIsraeri, vachisiya mutemo wemirairo yenyama, **D&Z** 84:23-27.

MUTENDI. *Onawo* Chechi yaJesu Kristu; Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira; Makristu

Nhengo ine rutendo yeChechi raJesu Kristu.

Unganidza Vatendi vangu kwandiri, **Mpi.** 50:5. Sauro akaita zvakaipa zviku-ru kuVatendi paJerusarema, **Mabasa**

9:1-21. Petro akadzikawo kuVatendi vaigara kuRida, **Mabasa** 9:32. Nyasha nerunyararo kune vose vari muRoma, vakadaidzwa kuti vave Vatendi, **VaR.** 1:7. Muri vagarisani pamwe neVatendi, **VaE.** 2:19-21. Ndakaona Chechi reGwayana, avo vaive Vatendi vaMwari, **1 Ni.** 14:12. Munhu wenyama imhandu yaMwari kunze kwekunge ave Mutendi kuburikidza nerudzikinuro rwaKristu, **Mosaya** 3:19. Ini, Ishe, ndakaropafadza nyika kuitira kushandiswa neVatendi vangu, **D&Z** 61:17. Satani anoita hondo neVatendi vaMwari, **D&Z** 76:28-29. Shandai makashinga kugadzirira Vatendi kutongwa uko kuchauya, **D&Z** 88:84-85. Vatendi vakafanira kupa zva-vanenge vainazvo kuvarombo nevari kutambudzwa, **D&Z** 105:3. Zvigarozvi zviri pamusoro ndakazvipira basa rekushumira nekukwanisa Vatendi, **D&Z** 124:143 (VaE. 4:12).

MUTERESI. *Onawo* Ushe hwemaRoma

MuRoma yepasi chigare, mutori wemitero yehurumende. Vateresi kazhinji vaivengwa nemaJuda. Vamwe vateresi vakakurumidza kutambira vhangeri (Mat. 9:9-10; Ruka 19:2-8).

MUTI WEMUORIVHI. *Onawo* Israeri; Mafuta

Muti wakawanda muIsraeri uri chinhu chakakosha mukurima munyika dzeBhaibheri. Unorimirwa kuve mapuranga, muchero, nemafuta. Muti wemuorivhi unoshandiswa kazhinji mumagwaro matsvene kufananidza imba yaIsraeri.

Imba yaIsraeri inoenzaniswa nemuti wemuOrivhi uyo une mapazi atyoka ndokupararira, **1 Ni.** 10:12 (1 Ni. 15:12). Ishe vakaenzanisa imba yaIsraeri kumuti wemuorivhi wakasimwa, **Jak.** 5-6. Joseph Smith akadaidza kuzarurirwa kuri muchikamu 88 shizha remuorivhi, **D&Z** 88: musoro wenyaya. Murume anoremekedzwa akataurira varanda vake kuti vaende mumunda wake wemizambiringa uye vadyare

miti yemiorivhi gumi nemiviri, **D&Z** 101:43–62.

MUTI WEUPENYU. *Onawo* Edeni

Muti uri muBindu reEdeni nemuparadiso yaMwari (Gen. 2:9; Zvaka. 2:7). Muhope dzaRihai muti weupenyu unoreva rudo rwaMwari unotsanangura sechipo chikuru-kuru pane zvipo zvose zvaMwari (1 Ni. 8; 11:21–22, 25; 15:36).

Makerubi nemunondo unobvira zvinochengeta nzira yemuti weupenyu, **Gen.** 3:24 (Aru. 12:21–23; 42:2–6). Johane akaona muti weupenyu, uye mashizha acho aive nesimba rekurapa marudzi, **Zvaka.** 22:2. Rihai akaona muti weupenyu, **1 Ni.** 8:10–35. Nephi akaona muti wakaonekwa nababa vake, **1 Ni.** 11:8–9. Tsvimbo yesimbi inotungamirira kumuti weupenyu, **1 Ni.** 11:25 (1 Ni. 15:22–24). Mukaha unotyisa unotsaura vane utsvina kubva kumuti weupenyu, **1 Ni.** 15:28, 36. Zvaifanira kuti kunge kuine muchero wairambidzwa waikwikwidzana nemuti weupenyu, **2 Ni.** 2:15. Uyai kuna Ishe mudyemuchero wemuti weupenyu, **Aru.** 5:34, 62. Dai vabereki vedu vekutanga vakanga vadya muti weupenyu, vangadai vakanga vakasuwa zvachose, **Aru.** 12:26. Kana musingarungu shoko, hamungazombotanha muchero wemuti weupenyu, **Aru.** 32:40. Ishe vakasima muti weupenyu pakati pebindu, **Mos.** 3:9 (Abr. 5:9). Ishe vakabvisa Adama mubindu reEdeni potse angangodya muti weupenyu akabva ararama kusvika nariini, **Mos.** 4:28–31.

MUTSVENE. *Onawo* Chakachena; Hutsvene; Kutsveneswa

Chinoera, kuve nehunhu hweHumwari kana kuve vakachena pamweya nehunhu. Pasina hutsvene pane kuzvidzika kana kusviba.

Muchave kwandiri umambo hwevapirisita, nerudzi rutsvene, **Eks.** 19:5–6 (I Pet. 2:9). Ishe vakaraira Israeri: Iva mutsvene, nokuti ini ndiri mutsvene, **Rev.** 11:44–45. Avo vane maoko akashambidzika nemwoyo wakachena

vachamira munzvimbo yavo tsvene, **Mpi.** 24:3–4. Dzidzisa vanhu vangu mutsauko uri pakati pevatsvene nevakasviba, **Ezk.** 44:23. Mwari vakatidaidza nekudaidzwa kutsvene, **II Tim.** 1:8–9. Kubvira pahwana hudiki wakaziva magwaro matsvene, **II Tim.** 3:15. Vanhu vatsvene vaMwari vaitaura sekutunhwa kwavaiitwa neMweya Mutsvene, **II Pet.** 1:21. Vose vanhu vachatongwa maererano nechokwadi nehutsvene huri muna Mwari, **2 Ni.** 2:10. Munhu wenyama anove Mutendi kuburikidza nerudzikinuro rwaKristu, **Mosaya** 3:19. Fambai muhorongwa hutsvene hwaMwari, **Aru.** 7:22 (Aru. 13:11–12). Vadzidzi vatatu vakacheneswa munyama uye vakaitwa vatsvene, **3 Ni.** 28:1–9, 36–39. Musatambe nezvinhu zvinoera, **D&Z** 6:12. Hamunganyore icho chinoera kunze kwekunge chapihwa kwamuri kubva kwandiri, **D&Z** 9:9. Muchazvisunga kuti muiite muhutsvene hwose, **D&Z** 43:9. Vadzidzi vangu vachamira munzvimbo tsvene, **D&Z** 45:32. Icho chinouya kubva kumusoro chinoera, **D&Z** 63:64. Vana vadiki vatsvene, **D&Z** 74:7. Ipire nzvimbo iyi uye ichaitwa tsvene, **D&Z** 124:44. Ishe vachaunganidza vakasarudzwa vake muguta dzvене, **Mos.** 7:62.

MUTSVENE WEISRAERI. *Ona* Jesu Kristu

MUTSWI. *Onawo* Areka; Mafashamo munguva dzaNoa; Noa, Tateguru vemuBhaibheri

Chiratidzo kana rupawo rwechibvumirano chaMwari naNoa (Gen. 9:13–17). **DJS**, Gen. 9:21–25 rinotsanangura kuti chibvumirano ichi chinotsanangurisa vimbiso dzekuti pasi rino harichanzofa rakafukidzwa nemafashamu emvura zvakare, kuti Zioni yaEnoki ichadzoka, nokutiwo Ishe achadzoka zvakare kuzogara pano pasi.

MUTUNGAMIRI. *Onawo* Hutungamiri hweKutanga; Muporofita

Zita rinopiwa mushandi mukuru

wechechi. Mutungamiri weChechi muporofita, muoni, nemuzaruri (D&Z 21:1; 107:91–92), uye nhengo dzeChechi dzinodaidza muporofita weChechi nezita rekuti “Mutungamiri” (D&Z 107:65). Ndiye munhu chete pasi pano akabvumidzwa kushandisa ose maki-yi ehupirisita.

Vakuru vezvikwata zvevapirisita nemamwe magungano eChechi vanogona kuita zitawo rekunzi mutungamiri.

Ishe vakapa kiyi dzeumambo kuna Joseph Smith, **D&Z** 81:1–2. Vatungamiri vatatu vanoumba chikwata cheHutungamiri hweChechi, **D&Z** 107:21–24. Vatungamiri vakagadzwa nemurau vachiteedza hurongwa hwaMerkizedeki, **D&Z** 107:29. Basa vatungamiri pamusoro pemadhikoni, vadzidzisi, vapirisita nemagosa anotsanangurwa, **D&Z** 107:85–89 (D&Z 124:136–38, 142). Kune vatungamiri vanokwana manomwe pamusoro pevamwe vose veMakumi Manomwe, **D&Z** 107:93–95. Vatungamiri vehoko vakadomwa, **D&Z** 124:133–35.

MUVEKWESE. *Onawo* Mwari, Musoro hwehuMwari

Kugona kwaMwari kuve kwose-kwose kuburikidza nemweya wavo (Mpi. 139:7–12; D&Z 88:7–13, 41).

MUVHANGERI. *Onawo*

Maropafadzo ehupatiriyaki; Patiriyaki

Uyo anotaura kana kuparidza nhau dzakanaka dzevhangeri raJesu Kristu. Joseph Smith akadzidzisa kuti muvhangeri mupatiriyaki. Mapatiriyaki anodaidzwa uye agogadzwa pasi pekutungamira kweVaapostori vaneGumi neVaviri kuti vazopa maropafadzo anonzi maropafadzo ehupatiriyaki.

Ishe anodaidza vamwe varume kuti vave Vaapostori, vamwe vave vaporofita, nevamwe sevavhangeri, **VaE.** 4:11. Itai basa remuvhangeri, **II Tim.** 4:5. Tinodaira kuVaapostori, vaporo-fita, vafundisi, vadzidzisi, vavhangeri, **Mis. yeCh.** 1:6.

MUVIRI. *Onawo* Kumuka kuvakafa; Mweya; Rufu, Rufu rwenyama; Upenyu hwenyama

Muviri unofa wenyama nemapfupa wakasikwa nemufananidzo waMwari, uyo wakabatanidzwa nemweya kuti zviite munhu mupenyu. Miviri yevarume vose nevakadzi ichabatanidzwa zvakare nokusingaperi nemweya yavo mukumuka kuvakafa. Magwaro matsvene dzimwe nguva anotaura nezvemuviri nemweya zvabatanidzwa pamwechete semweya (Gen. 2:7; D&Z 88:15; Mos. 3:7, 9, 19; Abr. 5:7).

Ishe Mwari vakaumba munhu neguruva repasi, **Gen.** 2:7 (Mos. 3:7). NdBate uye uone, nokuti mweya hauna nyama nemapfupa, **Ruka** 24:39. Ndinodzika-misa muviri wangu uye ndouita kuti uve pasi pangu, **I VaKori.** 9:27. Kune muviri wenyama, uye kune muviri wemweya, **I VaKori.** 15:44. Muviri usina mweya wakafa, **Jkb.** 2:26. Muviri unofa uchamutswa semuviri usingafe, **Aru.** 11:43–45. Yose nhengo yemuviri ichadzorerwa pakare, **Aru.** 41:2. Jesu akaraitidza muviri wake wakamuka kuvakafa kumaNifai, **3 Ni.** 10:18–19; 11:13–15. Baba vane muviri wenyama nemapfupa unobatika sewemunhu; Kana Mwanakomanawo, **D&Z** 130:22. Mwari vakasika murume nemukadzi nemufananidzo wemuviri wavo, **Mos.** 6:9 (Gen. 9:6).

MUYANANISI. *Onawo* Runyararo

Munhu anonunza kana kukuridzira runyararo (Mat. 5:9; 3 Ni. 12:9). Munyaradzi angangove mumwe anoshambadza vhangeri (Mosaya 15:11–18).

MVUMO. *Onawo* Akadaidzwa naMwari; Gadza; Hupirisita; Kiyi dzeHupirisita; Simba

Mvumo yakapiwa vanhu pano pasi vanodaidzwa kana kugadzwa kuti vai-tire uye vakamiririra Mwari Baba kana Jesu Kristu mukuita basa raMwari.

Ndakutuma iwe, **Eks.** 3:12–15. Taura zvose zvandinoti uite, **Eks.** 7:2. Akapa vadzidzi vanegumi nevaviri simba,

Mat. 10:1. Imi hamuna kundisarudza, asi ndini ndakakusarudzai, uye ndikakugadzai, **Joh.** 15:16. Nifai naRihai vaiparidza nemasimba makuru, **Hir.** 5:18. Nifai mwanakomana waHirama-ni, akanga ari munhu waMwari, aine simba guru nemvumo kubva kuna Mwari, **Hir.** 11:18 (3 Ni. 7:17). Jesu akapa simba nemvumo kune vanegumi nevaviri maNifai, **3 Ni.** 12:1–2. Joseph Smith akadaidzwa naMwari uye akagadzwa, **D&Z** 20:2. Hakuna achaparidza vhangeri rangu kana kuvaka Chechi yangu kunze kwekunge agadzwa uye zvichizivikanwa kuChechi kuti anemvumo, **D&Z** 42:11. Magosa ndivo vanoparidza vhangeri, vachishanda vari mumvumo, **D&Z** 68:8. Hupirisita hwaMerkizedeki hune mvumo yekushandira zvinhu zvemweya, **D&Z** 107:8, 18–19. Chinoitwa nemvumo tsvene chinobva chave murau, **D&Z** 128:9. Ani zvake anoparidza kana kushandira Mwari akafanira kunge akadaidzwa naMwari neavo vane mvumo, **Mis. yeCh.** 1:5.

MVURA YEUPENYU. *Onawo* Jesu Kristu

Rupawo rwalshes Jesu Kristu nedzidziso dzavo. Sezvo mvura ichikosha mukutsigira upenyu hwenyama, Muponesi nedzidziso dzake (mvura yeupenyu) zvinokosha kuupenyu hwokusingaperi.

Nemufaro muchachera mvura muma-tsime eruponeso, **Isa.** 12:3. Vakandirasa ini chisipiti chemvura yeupenyu, **Jer.** 2:13. Ani zvake anonwa iyi mvura iyo yandichamupa haachazoita nyota, **Joh.** 4:6–15. Kana paine anzwa nyota, regai auye kwandiri, azonwa, **Joh.** 7:37. Tsvimbo yesimbi yaitungamirira kuchisipiti chemvura yeupenyu, **1 Ni.** 11:25. Torai mvura yeupenyu makasununguka, **D&Z** 10:66. Mirairo yangu ichave tsime remvura yeupenyu, **D&Z** 63:23.

MWANA. *Ona* Vana

MWANAKOMANA WAMWARI.

Ona Jesu Kristu; Mwari, Musoro hwehuMwari

MWANAKOMANA WEMUNHU.

Onawo Jesu Kristu; Mwari, Musoro hwehuMwari

Zita iro raishandiswa naJesu Kristu kana achitaura nezvake (**Ruka** 9:22; 21:36). Zvaireva kuti Mwanakomana weMunhu weUtsvene, Murume weUtsvene rimwe remazita aMwari Baba. Jesu zvaazvidaidza kuti Mwanakomana weMunhu, kwaive kutaura pachena nezveukama hwake kuna Baba. Iri zita rinowanikwa zvakananya mumaVhangeri. Zvakazarurwa zveMazuva Eku-pedzisira zvinotsigira kukosha kunoreva nekura kwezita iri reMuponesi (**D&Z** 45:39; 49:6, 22; 58:65; **Mos.** 6:57).

MWARI, MUSORO

HWEHUMWARI. *Onawo* Baba Vekudenga; *Ishe*; Jesu Kristu; Mweya Mutsvene

Mune vanhu vatatu vakasiyana mumusoro hwehuMwari: Mwari, Vokusingaperi Baba; Mwanakomana wavo, Jesu Kristu; neMweya Mutsvene. Tinodaira mune mumwe nemumwe wavo (**Mis. yeCh.** 1:1). Kubva kune zvakazarurwa zve mazuva ekupedzisira tinodzidza kuti Baba neMwanakomana vane miviri inobatika chaiyo yenyama nemapfupa asika Mweya Mutsvene munhu wemweya, asina nyama nemapfupa (**D&Z** 130:22–23). Ava vanhu vatatu vamwechete mukubatana kwakakwana nokuwirirana kwebasa nedzidziso (**Joh.** 17:21–23; **2 Ni.** 31:21; **3 Ni.** 11:27, 36).

Mwari Baba: Kazhinji ndiBaba, kana Erohimi, vanodaidzwa nemadaidzirwo ekunzi Mwari. Vanodaidzwa kunzi Baba nokuti ndivo baba vemweya yedu (**Num.** 16:22; **Mara.** 2:10; 27:16; **Mat.** 6:9; **VaE.** 4:6; **VaH.** 12:9). Mwari Baba ndivo mutongi mukuru wenyika. Ndisamasimba (**Gen.** 18:14; **Aru.** 26:35; **D&Z** 19:1–3), vanoziva zvose (**Mat.** 6:8; **2 Ni.** 2:24), uye ari kwose kwose kuburikidza neMweya wavo (**Mpi.** 139:7–12; **D&Z** 88:7–13, 41). Rudzi rwemunhu rwune hukama naMwari hwakakosha uhwo hunomupatsanura kubva kune zvimwe zvisikwa zvose: varume neva-

kadzi vana vaMwari vemweya (Mpi. 82:6; I Joh. 3:1–3; D&Z 20:17–18).

Kune zviito zvishomanani zvakanoyorwa zvaMwari Baba zvaakazviratidza kana kutaura kumunhu. Magwaro matsvene anoti vakataura kuna Adama naEva (Mos. 4:14–31) akasuma Jesu Kristu kakawanda (Mat. 3:17; 17:5; Joh. 12:28–29; 3 Ni. 11:3–7). Akazviratidza kuna Stefano (Mabasa 7:55–56) naJoseph Smith (Nh—JS 1:17). Mushure akazviratidza kuvaviri Joseph Smith naSidney Rigdon (D&Z 76:20, 23). Kune avo vanoda Mwari uye vagozvichenesa pamberi pavo, Mwari dzimwe nguva vanovapa mukana wekuona nokuzvzivira kuti ndiye Mwari (Mat. 5:8; 3 Ni. 12:8; D&Z 76:116–118; 93:1).

Mwari vangu, Mwari vangu, mandisi-ireiko? **Marko** 15:34. Varume ava varanda vevari pamusoro soro Mwari, **Mabasa** 16:17. Isu tiri zvizvarwa zvaMwari, **Mabasa** 17:28–29. Muchapira masakamende enyu kune Ari Pamusoro-soro, **D&Z** 59:10–12. Enoki akaona mweya yakanga yasikwa naMwari, **Mos.** 6:36. Murume weHutsvene ndiro zita ravo, **Mos.** 6:57.

Mwari Mwanakomana: Mwari vanozi- vikanwa saJehova ndiye Mwanakomana, Jesu Kristu (Isa. 12:2; 43:11; 49:26; I VaKori. 10:1–4; I Tim. 1:1; Zvaka. 1:8; 2 Ni. 22:2). Jesu anoshanda ari pasi pekurairwa naBaba uye vanonzwira zvakakwana. Vose vemarudzi evanhu vanin'ina nehanzvadzi dzake, nokuti ndiye mukuru wevana vemweya vaErohimi. Mamwe magwaro matsvene anomutaura neshoko rinoti *Mwari*. Semufananidzo, gwaro dzvene rinoti “Mwari akasika denga zenyika” (Gen. 1:1), asi chaizvo aive Jesu akanga ari Musiki ari pasi pekutungamirwa naMwari Baba (Joh. 1:1–3, 10, 14; VaH. 1:1–2).

Ishe vakazviratidza vachiti NDINI, **Eks.** 3:13–16. Ndini Ishe (Jehova) uye kunze kwangu hakuna muponesi, **Isa.** 43:11 (Isa. 45:23). Ndini chiedza chenyika, **Joh.** 8:12. Asati aveko Abrahamu Ndini, **Joh.** 8:58. Ishe vachashanda mukati

mevanhu mutabnakeri yevhu, **Mosaya** 3:5–10. Abhinadhai akatsanangura kuti Kristu ndiBaba neMwanakomana sei, **Mosaya** 15:1–4 (Eta 3:14). Ishe vakazviratidza kumukoma vajaredhi, **Eta** 3. Teerera kumazwi aKristu Ishe wenyu naMwari venyu, **Moro.** 8:8. Jehova ndiye mutongi wevapenyu nevakafa, **Moro.** 10:34. Jesu akazviratidza kuna Joseph Smith naSidney Rigdon, **D&Z** 76:20, 23. Ishe Jehova vakazviratidza muTemberi yeKirtland, **D&Z** 110:1–4. Jehova vakataura kuna Abrahamu, **Abr.** 1:16–19. Jesu akazviratidza kuna Joseph Smith, **Nh—JS** 1:17.

Mwari Mweya Mutsvene: Mweya Mutsvene iwowo ndiMwari uye anodaidzwa kunzi Mweya Mutsvene, Mweya, uye Mweya waMwari, mukati memamwe mazita nemadaidzirwo akadaro. Nerubatsiro rweMweya Mutsvene, vanhu vanokwanisa kuziva chido chaMwari Baba uye vagoziva kuti Jesu ndiye Kristu (I VaKori. 12:3).

Mweya Mutsvene uchakudzidzisa izvama kafanira kutaura, **Ruka** 12:12. Mweya Mutsvene ndiye Munyaradzi, **Joh.** 14:26 (Joh. 16:7–15). Jesu akapa mirairo kuVaapositori kuburikidza neMweya Mutsvene, **Mabasa** 1:2. Mweya Mutsvene une uchapupu hwaMwari naKristu, **Mabasa** 5:29–32 (I VaKori. 12:3). Mweya Mutsvene naiwowo unotipupurira, **VaH.** 10:10–17. Nesimba reMweya Mutsvene ungazive chokwadi chezvinhu zvose, **Moro.** 10:5. Mweya Mutsvene ndiwo mweya wezvakarurwa, **D&Z** 8:2–3 (D&Z 68:4).

MWEYA. *Onawo* Kumuka kuvakafa; Munhu; Mweya; Rufu, rwenyama

Iyo nhengo yemunhu mupenyu inenge iripo munhu asati azvarwa, inogara mumuviri wenyama panguva yeupenyu huno, uye inorarama mushure mekufa iri pachezveyo kusvika pakumutswa kuvakafa. Zvose zvinhu zvipenyu—rudzi rwevanhu, mhuka, nemiti—zvaive wenyuwa kare kusati kwave neupenyu panyika pano (Gen.

2:4–5; Mos. 3:4–7). Muviri wemweya unoratidza semuviri wenyama (1 Ni. 11:11; Eta 3:15–16; D&Z 77:2; 129). Mweya chinhu, asi wakanyanya kutseteka nekuchena kupfuura zvimwe zvipenyu kana zvinhu (D&Z 131:7).

Wose munhu chaizvo-chaizvo mwanakomana kana mwanasikana waMwari, akaberekwa semweya nebabereki veKudenga asati aberekwa kuvabereki vanofa pano panyika (VaH. 12:9). Wose munhu ari panyika ane muviri wemweya usingafe pamusoro pemuviri wenyama nemapfupa. Sekutsanangurwa kwazvinomboitwa mumagwaro matsvene, mweya nemuviri wenyama pamwechete zvinoumba mweya (Gen. 2:7; D&Z 88:15; Mos. 3:7, 9, 19; Abr. 5:7). Mweya unogona kurarama usina muviri wenyama, asi muviri wenyama haungarame pasina mweya (Jkb. 2:26). Kufa kwenyama kuparadzani-swa kwemweya nemuviri. Pakumuka kuvakafa, mweya unosanganiswa zvakare nemuviri mumwecheteyo wenyama nemapfupa wawainge uinawo semunhu anofa, paine mitsauko miviri mikuru: hazvizombofa zvakaradzani-swa zvakare, muviri wenyama unenge usisazofa wave wakakwana (Aru. 11:45; D&Z 138:16–17).

Mweya hauna nyama nemapfupa, sezvamuri kuona ndiinazvo, **Ruka** 24:39. Mweya pachawo unopupura nemweya yedu, kuti tiri vana vaMwari, **VaR.** 8:16. Bwinyisai Mwari mumuviri yenyu, nemweya yenyu, **I VaKori.** 6:20. Muviri uyu muviri wemweya wangu, **Eta** 3:16. Munhu mweya, **D&Z** 93:33. Kristu akaparidza kumweya yakarurama muparadiso, **D&Z** 138:28–30 (I Pet. 3:18–19). Makaberekerwa munyika nemvura, neropa, nemweya, **Mos.** 6:59. Akamira pakati peavo vaive mweya **Abr.** 3:23.

Mweya yakaipa: Jesu akaburitsa zvidhibhorozi zvakawanda, **Marko** 1:27, 34, 39. Buda mumunhu uyo, iwe mweya usina kuchena, **Marko** 5:2–13. Mweya wakaipa unodzidzisa munhu kuti asanamate, **2 Ni.** 32:8. Muzita rafesu akadzanga anadhibhorozi nemweya isina

kuchena, **3 Ni.** 7:19. Mweya yenhema yakaenda ichinyengedza nyika, **D&Z** 50:2, 31–32. Joseph Smith akatsanangura kiyi nhatu dzekutsvaga kuona kuti kana mweya uri waMwari kana wadhibhorozi, **D&Z** 129.

MWEYA MUTSVENE. *Onawo*

Bhabhatidza; Chipa cheMweya Mutsvene; Chitadzo chisingaregererwe; Kutunhwa; Mumaradzi; Mwari, Musoro hwemuMwari; Mweya Mutsvene weChivimbiso; Njiva, Chiratidzo che; Zvakazururwa

Nhengo yechitatu yemusoro weHuwari (I Joh. 5:7; D&Z 20:28). Munhu weMweya, asina muviri wenyama nemapfupa (D&Z 130:22). Mweya Mutsvene unotaurwa uchinzi Mweya, kana Mweya waMwari.

Mweya Mutsvene une zvaunaita zvakati-kuti zvinokosha muhurongwa hweruponeso. (1) Anopa uchapupu pamusoro paBaba neMwanakomana (I VaKori. 12:3; 3 Ni. 28:11; Eta 12:41). (2) Anoratidza chokwadi chezvinhu zvose (Joh. 14:26; 16:13; Moro. 10:5; D&Z 39:6). (3) Anochenesa avo vatekandeuka uye vakabhabhatidzwa (Joh. 3:5; 3 Ni. 27:20; Mos. 6:64–68). (4) Ndiye Mweya Mutsvene weChivimbiso (D&Z 76:50–53; 132:7, 18–19, 26).

Simba reMweya Mutsvene rinogona kuuya pamunhu rubhabhatidzo rwusati rwavepo agopupura kuti vhangeri ndere chokwadi. Asi mvumo yekuve nguva dzose neufambidzani hweMweya Mutsvene, kana munhu akakodzera, chipa chinogona kugashirwa chete nekugadzwa maoko neane Hupirisita hwaMerkizedeki mushure merubhabhatidzo rwakabvumirwa muChechi yechokwadi yaJesu Kristu.

Jesu akadzidzisa kuti zvose zvitadzo zvinogona kuregererwa kunze kwekutuka Mweya Mutsvene (Mat. 12:31–32; Marko 3:28–29; Ruka 12:10; VaH. 6:4–8; D&Z 76:34–35).

Mweya unaita kuti vanhu vafambe vari mumirau yaMwari, **Ezk.** 36:27. Vaapositori vakatumwa kuti vabhabha-

tidze muzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, **Mat.** 28:19. Mweya Mutsvene uchakudzidzisa zvole zvinhu, **Joh.** 14:26. Vanhu vatsvene vaitaura vachitunhwa neMweya Mutsvene, **II Pet.** 1:21. Nifai akatungamirwa neMweya, **1 Ni.** 4:6. Zvakavanzika zvaMwari zvichaiswa pachena kwavari nesimba reMweya Mutsvene, **1 Ni.** 10:17–19. Mweya Mutsvene unoratidza zvole zvinhu zvakafanira kuita, **2 Ni.** 32:5. Nesimba reMweya Mutsvene mungazive chokwadi chezvinhu, **Moro.** 10:5. Mweya Mutsvene unokuturira mupfungwa mako nemumwoyo mako, **D&Z** 8:2. Mweya unotungamira kuita zvakana, **D&Z** 11:12. Mweya Mutsvene unoziva zvole zvinhu, **D&Z** 35:19. Mweya Mutsvene unodzidzisa zvinhu zverunyararo zveumambo, **D&Z** 36:2 (D&Z 39:6). Kana mukasatambira Mweya, hamungadzidzise, **D&Z** 42:14. Mweya Mutsvene unopupura nezvaBaba neMwanakomana, **D&Z** 42:17 (I VaKori. 12:3; 3 Ni. 11:32, 35–36). Kune vamwe zvinopihwa neMweya Mutsvene kuziva kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, **D&Z** 46:13. Chose zvacho chavachatura vachitunhwa neMweya Mutsvene chichave chinyorwa chitsvene, **D&Z** 68:4. Mweya Mutsvene uchadururwa mukupa uchapupu kuzvinhu zvole zvamuchatura, **D&Z** 100:8. Mweya Mutsvene uchave uchagara uri mufambidzani wenyu, **D&Z** 121:45–46.

MWEYA MUTSVENE

WECHIVIMBISO. *Onawo*

Mweya Mutsvene

Mweya Mutsvene ndiwo Mweya Mutsvene weChivimbiso (Mabasa 2:33). Anotsinhira sezvinobvumwa naMwari zviito zvakarurama, zvisungo, nezviteenderano zvevanhu. Mweya Mutsvene weChivimbiso anopupura kuna Baba kuti zvisungo zvinoponesa zvaitwa nemazvo nokuti zvitenderano zviri maererano nazvo zvachengetedzwa.

Avo vachasimbiswa neMweya Mutsvene weChivimbiso vanogashira zvole izvo zvina Baba, **D&Z** 76:51–60 (VaE.

1:13–14). Zvole zvivumirano nemabasa zvakafanira kusimbiswa neMweya Mutsvene weChivimbiso kuti zvine nesimba mushure meupenyu huno, **D&Z** 132:7, 18–19, 26.

MWEYA (MWEYA NEMUVIRI).

Onawo Muviri; Mweya

Magwaro matsvene anotaura nezve-mweya nenzira nhatu: (1) vanhu vemweya, muupenyu hwakateerwa nehuno, neupenyu huchatevera huno (Aru. 40:11–14; Abr. 3:23); (2) mweya nemuviri zvabatanidzwa muupenyu huno (Abr. 5:7); uye (3) asingachafe, munhu amutswa kuvakafa uyo aitwa kuti mweya nemuviri wake ubatani-dzwe zvisingapatsanurike (Aru. 40:23; D&Z 88:15–16).

Ropa rinoita rudzikinuro rwemweya, **Rev.** 17:11. Anodzorerwa pakare mweya wangu, **Mpi.** 23:3. Muchada Ishe Mwari venyu nemweya wenyu wose, **Mat.** 22:37 (Marko 12:30). Dhiaborosi anonyengedza mweya yavo, **2 Ni.** 28:21. Pirai mweya yenyu yose semupiro kwavari, **Omu.** 1:26. Izwi rakatanga kukudza mweya wangu, **Aru.** 32:28. Mweya wake hauchazove nenzara kana nenyota, **3 Ni.** 20:8. Chingwa nemvura zvesakaramende zvakayereswa kumweya yeavo vanoidya, **Moro.** 4–5 (D&Z 20:77–79). Vashandi muumambo vano-unza kupona kumweya yavo pamusana pebasa ravo, **D&Z** 4:2, 4. Kukosha kwemweya kukuru, **D&Z** 18:10. Makaberekerwa munyika nemvura, ropa, nemweya, nokudaro mukave mweya mupenyu, **Mosaya** 6:59.

Kukosha kwemweya: Vose vanhu vana vemweya vaMwari. Ane hany'a nemumwe nemumwe wevana vake uye anotarisa mumwe nemumwe seakakosha. Pamusana pekuti vana vake, vanokwanisa kuve saiye. Saka, vakakosha zvikuru.

Kune kufara pamusoro pemutadzi mumwechete anotendeuka, **Ruka** 15:10. Mwari vakada nyika zvakadai zvekuti vakapa Mwanakomana wavo Mumwechete Akaberekwa, **Joh.** 3:16. Vanga

vasingakwanise kuona kufa kwemweya wemunhu, **Mosaya** 28:3. Ko mweya panguva ino hauna kukosha here kuna Mwari semweya panguva yekuuya kwake? **Aru.** 39:17. Chinhu chakanyanyisa kukosha kwamuri kuunza mweya kwandiri, **D&Z** 15:6. Yeukai kuti kukosha kwemweya kukuru mumaziso aMwari, **D&Z** 18:10–15. Iri ndiro basa rangu nokubwinya kwangu—kuunza kuti zviitike, kusafa neupenyu hwo-kusingaperi hwemunhu, **Mos.** 1:39.

MWEYA YAKAIPA. *Ona* Mweya—
Mweya yakaipa

MWOYO. *Onawo* Kuberekwa
naMwari, Kuberekwa patsva;
Mwoyo Wakatyoka

Mucherechedzo wepfungwa nechido chemunhu nepanobva zvatinoita nezvatinonzwa.

Idai Ishe Mwari wenyu nemwoyo wenyu wose, **Deut.** 6:5 (Deut. 6:3–7; Mat. 22:37; Ruka 10:27; D&Z 59:5). Ishe vakatsvaka munhu aidiwa nemwoyo wavo, **I Sam.** 13:14. Vanhu vanotarisa chimiro chekunze, asi Ishe vanotarisa mwoyo, **I Sam.** 16:7. Uyo ane maoko akachena nemwoyo wakashena achakwira kuchikomo chaIshe agoropafadzwa, **Mpi.** 24:3–5 (2 Ni. 25:16). Sekufunga kunoita munhu mumwoyo make, ndozvaari, **Zir.** 23:7. Erija achatendeudzira mwoyo yemadzibaba kuvana, uye mwoyo yevana kumadzibaba avo, **Mara.** 4:5–6 (Ruka 1:17; D&Z 2:2; 110:14–15; 138:47; Nh—JS 1:39). Vakaropafadzwa vakachena mumwoyo, **Mat.** 5:8 (3 Ni. 12:8). Munhu anotaura kubva mune zvakanaka kana zvakaipa zviri mumwoyo make, **Ruka** 6:45. Teverai Mwanakomana nemwoyo uzere nezvinangwa, **2 Ni.** 31:13. Wakazvarwa here mumweya naMwari uye vakanzwa kupinduka kukuru mumwoyo mako? **Aru.** 5:14. Ipa semupiro kuna Ishe mwoyo wakatyoka nemweya wakatsiga, **3 Ni.** 9:20 (3 Ni. 12:19; Eta 4:15; Moro. 6:2). Ndichakutaurira mupfungwa yako nemumwoyo wako neMweya Mutsvene, **D&Z** 8:2.

MWOYO MUREFU. *Onawo*
Akapfava, Tsungirira

Kushingirira kwakadzikama; kugona kushingirira dambudziko, kutukwa, kana kukuvara pasina kunyunyuta kana kudzorera.

Zororai munalshe, mugomumirira nemwoyo murefu, **Mpi.** 37:7–8. Uyo anononoka kushatirwa anekunzwisisa kukuru, **Zir.** 14:29. Mumwoyo murefu wenyu batai imi mweya yenyu, **Ruka** 21:19. Tine tariro pamusana pemwoyo murefu nekunyaradzwa nemagwaro matsvene, **VaR.** 15:4. Ivai vateveri veavo pamusana perutendo nemwoyo murefu vanodya nhaka yezvivimbiso, **VaH.** 6:12–15. Regai mwoyo murefu uve nebasa rawo rakakwana, kuti imi mugove vakakwana vakazara, **Jkb.** 1:2–4. Makanzwa nezve mwoyo murefu waJobo, **Jkb.** 5:11. Vakazvipira nokufara nemwoyo murefu kune zvose zvido zvalshe, **Mosaya** 24:15. Makazvitakura zvose zvinhu izvi nemwoyo murefu nokuti Ishe vaive nemi, **Aru.** 38:4–5. Rambai muri mumwoyo murefu kudakara mave makwaniswa, **D&Z** 67:13.

MWOYO VAKAPFAVA. *Ona*
Mwoyo wakatyoka

MWOYO WAKATYOKA. *Onawo*
Akapfava; Akazvininipisa;
Kupira; Mwoyo; Rutendeuko

Kuve nemwoyo wakatyoka kuzvirereka, kuzvidzora, kutendeuka, noku-zvininipisa—zvinoreva kuti, kugamuchira kuda kwaMwari.

Ndinogara naye uyo ane mweya wekuzvininipisa wakapfava, **Isa.** 57:15. Ishe vakazvipira kune avo vane mwoyo wakatyoka nemweya wakaninipa, **2 Ni.** 2:7. Ipai semupiro kuna Ishe mwoyo wakatyoka nemweya wazvininipisa, **3 Ni.** 9:20 (D&Z 59:8). Avo chete vane mwoyo yakatyoka nemweya yakazvininipisa ndivo vanogashirwa murubhabhatidzo, **Moro.** 6:2. Jesu akaroverwa kuti kuregererwe zvitadzo kumwoyo wakazvininipisa, **D&Z** 21:9. Uyo ane mwoyo wakazvininipisa

anobvumwa, **D&Z** 52:15. Mweya Mutsvene unovimbiswa kune avo vano-zvininipisa, **D&Z** 55:3. Mweya wangu unotumwa kunoisa chiedza kune vakafava nevakazvininipisa, **D&Z** 136:33.

NAAMANI. *Onawo* Erisha

MuTestamente yaKare, mutungamiri wemauto amambo weSiria. Aivewo nemaperembudzi Kuburikidza nerutendo rwemurandakadzi wechiIsraeri, akaenda kuIsraeri kunoona muporofita Erisha. Akarapwa maperembudzi nokuzvirereka nekugeza kanomwe murwizi rweJordanani sekuraira kwemuporofita Erisha (II Madz. 5:1–19; Ruka 4:27).

NAFTARI. *Onawo* Israeri; Jakobo, Mwanakomana waIsaka

Mwanakomana wechishanu pagumi nevaviri revanakomana vaJakobo ari mwana wechipiri waBirha, murandakadzi waRakeri (Gen. 30:7–8). Naftari akanga aine vanakomana vana (I Mak. 7:13).

Rudzi rwaNaftari: Maropafadzo aJakobo pana Naftari akanyorwa muna Genesi 49:21. Maropafadzo aMosesi parudzi urwu akanyorwa muna Deuteronomio 33:23.

NAHUMI

Muporofita wemuTestamente yaKare wekuGarirea akanyora zviporofita zvake pane imwe nguva ingangova pakati pa642 na606 Kristu asati azvarwa.

Bhuku raNahumi: Chitsauko 1 chinotaura nekupiswa kwenyika paKuuya Kwechipiri nezvetsitsi nesimba raIshe. Chitsauko 2 chinotaura nezvekuparadzwa kweNinive, zviri zvinoratidza zvichauya mumazuva ekupedzisira. Chitsauko 3 chinoenda mberi nokutaura pamusoro pekuparadzwa kweNinive zvinosiririsa.

NAMO YEGIREADI

Namo kana chirungiso chinonhuwira chinoshandiswa mukurapa maronda (Gen. 43:11; Jer. 8:22; 46:11; 51:8).

Chikwenzi chinoburitsa bota raigadzirwa naro mafuta aya chaimera chakawanda muGireadi munguva dzeTestamente yaKare zvakaita kuti bami izivikanwe se“mafuta eGireadi” (Gen. 37:25; Ezk. 27:17).

NAOME. *Onawo* Rute

MuTestamente yaKare, mudzimai akanga akarurama ari mukadzi waErimereki (Rute 1–4). Erimereki naNaome vakaenda nemhuri yavo kuMoabi kutiza nzara. Mushure munge Erimereki nevanakomana vake vaviri vafa, Naome akadzokera kuBrehema nemuroora wake Rute.

NATAMU. *Onawo* Davidi

Muporofita wemuTestamente yaKare munguva dzaMambo Davidi. Apo Davidi akakumbira kuvakira temberi Ishe, Ishe vakaraira Natamu kuti ataurire Davidi kuti haafanire kuivaka. Natamu akatsiurawo Davidi pamusana pekukonzera rufu rwaUria, mumwe wemawuto ake, nokuti akatora mukadzi waUria, Bati-sheba (II Sam. 12:1–15; D&Z 132:38–39). Zadoki, naNatamu, vakazodza mwanakomana waDavidi Soromoni kuve mambo (I Madz. 1:38–39, 45).

NATANAERI. *Onawo* Batoromeo

Muapostori waKristu uye ari shamwari yaFiripo muTestamente Itsva (Joh. 1:45–51). Akabva kuKana muGarirea (Joh. 21:2). Kristu akati Natanaeri muIsraeri akanga asina hunyengedzi (Joh. 1:47) Iye naBatoromeo vanofungwa kazhinji kunzi munhu mumwechete (Mat. 10:3; Marko 3:18; Ruka 6:14; Joh. 1:43–45).

NATSA. *Onawo* Dzikinura; Kutsveneswa

Kuregererwa kurangirwa chitadzo nokuti hapana mhosva. Munhu anonatswa nenyasha dzeMuponesi kuburikidza norutendo maari. Rutendo urwu rwunoratidzwa nokutendeuka nokuteerera kumirau nezvisungo zvevhangeri. Rudzikinuro rwaJesusu Kristu rwunogonesa marudzi evanhu kutendeuka vagonatswa kana kuregererwa

kubva mukurangwa kwekuti vangadai zvimwe vakawana.

Muna Ishe Israeri yose ichanatswa, **Isa.** 45:25. Kwete vanzwi asi vaiti vemurau ndivo vachanatswa, **VaR.** 2:13. Munhu anonatswa kuburikidza neropa ra-Kristu, **VaR.** 5:1-2, 9. Munonatswa nemuzita raIshe Jesu, **I VaKori.** 6:11. Tanatswa nenyasha dzake, tichaitwa vagari venhaka, **Tito** 3:7. Abrahamama baba vedu haana kunatswa nemabasa here? **Jkb.** 2:21. Nemabasa munhu anonatswa, kwete nerutendo chete, **Jkb.** 2:14-26. Nemurau hakuna nyama inonatswa, **2 Ni.** 2:5. Muranda wangu akarurama achanatsa vazhinji, nokuti achatakura kuipa kwavo, **Mosaya** 14:11 (Isa. 53:11). Mungati here nhumbi dzenyu dzakasukwa kuburikidza nemuna Kristu? **Aru.** 5:27. Runatso kuburikidza nenyasha dzajesu Kristu nderwechokwadi, **D&Z** 20:30-31 (D&Z 88:39). Nemweya imi makanatswa, **Mos.** 6:60.

NAZARETA. *Onawo* Jesu Kristu

Musha waive pakati pezvikomoto zvekumadokero kweGungwa reGarirea. Nazareta ndiyo yaive musha wekutanga waJesu (Mat. 2:23). Jesu akadzidzisa musinagogo muNazareta, uye akati azadzikisa chiporofita chiri muna Isaya 61:1-2 (Mat. 13:54-58; Marko 6:1-6; Ruka 4:16-30).

NDIMI, CHIPO CHE. *Onawo* Rurimi; Zvipo zveMweya

Chipo cheMweya Mutsvene icho chinobvumira vanhu vakafemerwa kutaura nekunzwisisa, kana kutirikira mitauro usingazivikanwe. Tinodaira muchipo chendimi (Mis. yeCh. 1:7).

Vose vakazadzwa neMweya Mutsvene, vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, **Mabasa** 2:4. Uyo anotaura nerurimi rwusingazivikanwe haataure kuvanhu, asi kuna Mwari, **I VaKori.** 14:1-5, 27-28. Ndimi ndedze chiratidzo kune avo vasingadaire, **I VaKori.** 14:22-28. Zvino kwouya rubhabhatidzo rwemoto nerweMweya Mutsvene; uye ipapo ndipo pamunozogona kutaura nerurimi

rwengirozi, **2 Ni.** 31:13-14. Amarekai akakumbira vanhu vose kuti vatende chipo chekutura nendimi, **Omu.** 1:25. Zvinopiwa kune vamwe kuti vataure nendimi; kune mumwe kuturikira ndimi, **D&Z** 46:24-25 (I VaKori. 12:10; Moro. 10:8, 15-16). Regai chipo chendimi chidururwe, **D&Z** 109:36.

NDINI INI. *Onawo* Jehova; Jesu Kristu

Rimwe remazita aIshe Jesu Kristu.

Mwari vakati kuna Mosesi, **NDIRI INI ZVANDIRI INI, Eks.** 3:14-15. Ndiri Ishe, **Eks.** 6:2-3. Abrahamama asati avepo, ndini, **Joh.** 8:56-59. Tererai kuzwi raJesu Kristu Mukuru Ini, **D&Z** 29:1 (D&Z 38:1; 39:1).

NEBUKADNEZARI. *Onawo* Baberi, Babironi; Danieri

MuTestamente yaKare, mambo weBabironi (604-561 Kristu asati azvarwa) uyo akakunda Juda (II Madz. 24:1-4) akakomba Jerusarema (II Madz. 24:10-11). Muporofita Rihai akaudzwa kuti atize kubva muJerusarema kuna ana 600 Kristu asati azvarwa kuti asatorwe semusungwa kuBabironi (1 Ni. 1:4-13) apo Nebukadnezari paakatora Mambo Zedekia nevanhu (II Madz. 25:1, 8-16, 20-22). Danieri akadudzira hope dzaNebukadnezari (Dan. 2; 4).

NEHEMIA

MuIsraeri aizivikanwa zvikuru muBabironi muTestamente yaKare (aive muRevi kana kuti werudzi rwaJuda) aive nebasa rekutakura mukombe padare paArtashasta, uko kwaakawana mvumo yamambo ichimupa simba rekuvaka zvakare chidziro cheJerusarema.

Bhuku raNehemia: Bhuku iri rinoenderera mberi kubva mubhuku raEzra. Rine rondedzero yekufambira mberi nemadzudzo ebase rekuJerusarema mushure mekudzoka kwemaJuda kubva muutapa hweBabironi. Zvitsauko 1-7 zvinotaura nezvekushanya kwekutanga kwaNehemia kuJerusarema

nokuvakwa zvakare kwechidziro cheguta, kana dai paive nekushorwa kukuru. Zvitsauko 8–10 zvinotsanangura kunamata nokupinduka kwezve-upenyu izvo Nehemia akaedza kuita. Zvitsauko 11–13 zvinopa mazita evavo vakakodzera nokupa rondedzero yekunamagirwa kwechidziro. Ndima 4–31 dzechitsauko 13 dzinotaura nezvekushanya kwaNehemia kechipiri kuJerusarema mushure megumi nemakore maviri asimo.

NEHO. *Onawo* Asingade Kristu;
Unyengeri hwehupirisita

Murume akaipa kwazvo muBhuku raMormoni. Neho aive mumwe weavo vakatanga kushandisa unyengeri hwehupirisita pakati pemaNifai. Mushure mekudzidzisa dzidziso yenhema nokuuraya Gideon, Neho akachekwa pamusoro pemhosva dzake (Aru. 1). Vateveri vaNeho vakaramba vachiita kuita kwake kwakaipa nekudzidzisa iye Neho afa kare-kare.

Aruma naAmureki vakaiswa mutiro-ngo nemutongi mushure mekutumwa naNeho, **Aru.** 14:14–18. Vakanga vari vebasa raNeho avo vakauriwa, **Aru.** 16:11. Vazhinji vakanga vari vechikwata chaNeho, **Aru.** 21:4. Vazhinji chaizvo veavo vakauraya hama dzavo vakanga vari vechikwata chaNeho, **Aru.** 24:28.

NGIROZI

Kune marudzi maviri ari kudenga anodaidzwa kunzi ngirozi: avo vemweya neavo vane muviri yenyama nemapfupa. Ngirozi dzemweya hadzisi dzawana muviri wenyama nemapfupa, kana kuti mweya yakambenge ine muviri wenyama uye dzakamirira kubva kukumuka kuvakafa. Ngirozi dzine miviri yenyama nemapfupa dzingangove dzakamuka kubva kuvakafa kana kuti vakasandurwa.

Kune zvizhinji zvinotaurwa mumagwaro matsvene pamusoro pebasa rengirozi. Dzimwe nguva ngirozi dzinotaura nezwi remutinhimira we-

mabhanan'ana pakupa zvadzinenge dzatumwa naMwari (Mosaya 27:11–16). Vakarurama vanhu venyama vanogona kudaidzwawo kunzi ngirozi (DJS, Gen. 19:15). Dzimwe ngirozi dzinoshanda dziri pachigaro chaMwari kudenga (Aru. 36:22).

Magwaro matsvene anotaurawo nezve ngirozi dzadhiabhorosi. Iyi ndiyo mweya iya yakatevera Rusifa uye vakatandaniwa pamberi paMwari kusati kwave neupenyu hwenyama vakakandwa pasi (Zvaka. 12:1–9; 2 Nifai 9:9, 16; D&Z 29:36–37).

Jakobo akaona ngirozi dzaMwari dzichikwira nokudzika, **Gen.** 28:12. Ngirozi dzaMwari dzakasangana naJakobo, **Gen.** 32:1–2. Gideon akaona ngirozi yaIshe chiso kuchiso vakatarisana, **Vat.** 6:22. Ngirozi yakatambandza ruoko rwayo pamusoro peJerusarema kuti iparadze, **II Sam.** 24:16. Ngirozi yakabata Erija ikati kwaari, Simuka udye, **I Madz.** 19:5–7. Danieri akaona ngirozi Gabrieli muchiratidzo, **Dan.** 8:15–16. Ngirozi Mikaeri yakayamura Danieri, **Dan.** 10:13. Ngirozi Gabrieli yakatumwa kubva kuna Mwari, **Ruka** 1:19, 26–27. Ngirozi dzadhiabhorosi dzichachengetedzwa dziri mumajoto kudakara zuva remutongo, **Jud.** 1:6 (II Pet. 2:4). Vanhu vakaona ngirozi dzichidzika kubva kudenga, **3 Ni.** 17:24. Moronai akanyora pamusoro pekuparidza kwengirozi, **Moro.** 7:25–32. Hupirisita hwaAroni hune makii ekuparidza kwengirozi, **D&Z** 13. Moronai, Johane Mubapatidzi, Petro, Jakobo, Johane, Mosesi, Erija, naEria vose vakaparidzira kuna Joseph Smith sengirozi, **D&Z** 27:5–12. Hamukwanise kurarama kushumira kwengirozi, **D&Z** 67:13. Mikaeri, ngirozi huru, ndiAdama, **D&Z** 107:54. Ngirozi vanhu vakamutswa mukufa, vane miviri yenyama nemapfupa, **D&Z** 129. Hakuna ngirozi dzinoparidzira pasi pano asi idzo dziri mariri, **D&Z** 130:5. Vanhu vasingateere-re murau waMwari weroorano yekusingaperi havawanane kana kupiwa mukuroorana; asi vakamisirwa kuitwa ngirozi dzekudenga, **D&Z** 132:16–17.

NGIROZI DZINOSHUMIRA. *Ona*

Ngirozi

NGIROZI HURU. *Onawo* Adama;

Mikaeri

Mikaeri, kana Adama, ndiye ngirozi huru kana kuti Ishe vengirozi.

Ishe achaburuka kubva kudenga neku-daidzira, nezwi rengirozi huru, **I VaT.** 4:16. Mikaeri ndiye ngirozi huru, **Jud.** 1:9 (**D&Z** 29:26; 88:112; 128:20–21).

NGUNDU. *Onawo* Upenyu

hwokusingaperi

Chishongo chakatenderera chinopfe-kwa mumusoro nevatongi. Chinogona kuve rupawo rwesimba reseresitiyari, kutunga, nehumwari. Avo vanoshingirira kusvika kumagumo nokuchengetedza yose mirairo yaMwari vachatambira ngundu yeupenyu hwo-kusingaperi. (*Ona* **D&Z** 20:14; **Mos.** 7:56; **JS—Mat.** 1:1.)

Kwakatogadzirirwa ini ngundu yekururama, **II Tim.** 4:8. Muchagashira ngundu yekubwinya isingaumbuke, **I Pet.** 5:4. Vakafa vanofa vari muna Ishe vachatambira ngundu yekururama, **D&Z** 29:13. Vachagashira ngundu mumuzinda waBaba vangu, **D&Z** 59:2. Ishe vanogadzirira Vatendi kuti vauye kungundu yavakagadzirirwa, **D&Z** 78:15. Ishe vakavimbisa Vatendi vavo ngundu yekubwinya kurudyi kwavo, **D&Z** 104:7.

NGUWO YEHONDO

Nguwo inopfekwa kudzivirira muviri kuti usabaiwe kana kurohwa nezvombo. Izwi iri rinoshandiswawo kureva zvinhu zvemweya zvinodzivirira munhu kumiiyedzo kana kune zvakaipa.

Pfekai nguwo yehondo yose yaMwari, **VaE.** 6:10–18 (**D&Z** 27:15–18).

NHAKA YEKUZVARWA NAYO.*Onawo* Chibvumirano; Dangwe

Kodzero kunhaka kumwanakoma wedangwe. Mukutaura, nhaka yekuzvarwa nayo inosanganisa yose kana dzose kodzero kana nhaka inopiwa kumunhu paanozvarwa mumhuri kana mutsika.

Nditengesere nhasi uno nhaka yako yekuzvarwa nayo, **Gen.** 25:29–34 (**Gen.** 27:36). Dangwe rakagara maererano nenhaka yake yokuzvarwa nayo, **Gen.** 43:33. Akagadzika Efraimi mberi kwaManase, **Gen.** 48:14–20 (**Jer.** 31:9). Nhaka yekuzvarwa nayo yaive yaJosefa, **I Mak.** 5:2. Esau akatengesera nhaka yake yekuzvarwa nayo, **VaH.** 12:16. Muri vagari venhaka zviripamurau, **D&Z** 86:9. Zioni ine kodzero kuhufundisi kuburikidza negwara rematateguru, **D&Z** 113:8 (**Abr.** 2:9–11).

NHOROONDO YEMHURI. *Ona*

Ruponeso rwevakafa; Zviri maererano neDzinza

NHOROONDO YEZVIZVARWA.*Onawo* Bhabhatidza—

Rubhabhatidzo rwevakafa;

Bhuku rerangariro; Mhuri;

Ruponeso; Ruponeso rwevakafa;

Zvisungo—Zvisungo zvevamwe

Zvinyorwa zvinotevedza mutsetse wezvizvarwa mumhuri. Apo painge paine zvinzvimbo zvehupirisita kana mamwe maropafadzo ainge achinzi ndeimwe mhuri nhorondo dzekuberekwa, mumagwaro matsvene dzaikosha kwazvo (**Gen.** 5; 10; 25; 46; **I Mak.** 1–9; **Ezra** 2:61–62; **Neh.** 7:63–64; **Mat.** 1:1–17; **Ruka** 3:23–38; **1 Ni.** 3:1–4; 5:14–19; **Jar.** 1:1–2). MuChechi yakadzoswa nhasi, nhengo dzeChechi dziri kuramba dzichitsvaga nhorondo yemhuri yezvizvarwa zvayo, muchidimu kuti vanyatsokuziva madziteteguru avo akashaika kuti vakwanise kuita zvisungo zvinoponeswa panzvimbo yavo. Izvi zvisungo zvinoshanda kune avo vakafa vanobvuma vhangeri rajesu Kristu munyika yemweya (**D&Z** 127, 128).

NIFAI, MWANAKOMANA*Onawo*

Hiramani, Mwanakomana

waHiramani; Rihai, Munefi aive

mushumiri

Muporofita wechiNifai mukuru nemushumiri ari muBhuku raMormoni.

Aive mwanakomana mukuru waHiramani, **Hir.** 3:21. Akaitwa mutongi mukuru, **Hir.** 3:37. Iye nemunin'ina wake Rihai vakatendeutsira vazhinji vemaRamani kuvhangeri, **Hir.** 5:18–19. Akatenderedzwa nemoto akasunungurwa kubva mutirongo, **Hir.** 5:20–52. Akanamata ari pashongwe yebindu rake, **Hir.** 7:6–10. Akaburitsa pachena kupondwa kwemutongi mukuru, **Hir.** 8:25–28; 9:1–38. Akapiwa simba guru nalshe, **Hir.** 10:3–11. Akakumbira Ishe kuti kuve nenzara uye akakumbira kuti nzara ipere, **Hir.** 11:3–18.

NIFAI, MWANAKOMANA WANIFAI, MWANAKOMANA WAHIRAMANI. *Onawo*
Mudzidzi; Nifai, Mwanakomana waHiramani

Mumwe wevadzidzi vechiNifai gumi nevaviri vakasarudzwa naJesusu Kristu akamutswa kubva kuvakafa muBhuku raMormoni (3 Ni. 1:2–3; 19:4). Uyu muporofita ainamata zvikuru-kuru kwazvo kuna Ishe akamiririra vanhu vake. Nifai akanzwa izwi raIshe (3 Ni. 1:11–14). Nifai akashanyirwawo nengirozi, aiburitsa mweya yakaipa, akamutsa mukoma wake kuvakafa, uye akataura umbowo hwakanga husingarambika (3 Ni. 7:15–19; 19:4). Nifai akachengeta zvinyorwa zvitsve ne (3 Ni. 1:2–3).

Bhuku ra3 Nifai: Bhuku rakanyorwa naNifai, mwanakomana waNifai, muBhuku raMormoni. Zvitsauko 1–10 zvinoratidza kuzadzikiswa kwehuporofita maererano nokuuya kwaIshe. Chiratidzo chekuzvarwa kwaKristu chakapiwa; vanhu vakatendeuka; asika vakadzokera zvakare muhuipi. Pepkedzisira dutu, kundengendeka kwenyika, kunaya kwemvura ine mhepo huru, nokuparadza kukuru kwakaradidza rufu rwaKristu. Zvitsauko 11–28 zvinorondedzera zvekuuya kwaKristu kuAmerica. Apa ndipo panokosha pebhuku raNifai rechitatu. Mazhinji emazwi aKristu akafanana nemharidzo dzake dzakanyorwa muBhaibheri (semufananidzo, Mat. 5–7

na3 Ni. 12–14). Zvitsauko 29–30 mazwi aMormoni kumarudzi emazuva ekupedzisira.

Bhuku ra4 Nifai: Bhuku iri rine ndima makumi mana ane mapfumbamwe chete, ose ari muchitsauko chimwechete, asi iro richtaura zvinhu zvingangove zvezmazana matatu emakore erungano rwemaNifai (34–321 Kristu azvarwa). Zvizarva zvakati zvevanyori, kusanganisa naiye Nifai, vakayamurawo muzvinyorwa. Ndima 1–19 dzinotaura kuti mushure mekushanya kwaKristu amutswa kuvakafa ose maNifai nemaRamani vakatendeukira kuvhangeri. Runyararo, rudo, nekuwirirana zvakatonga. Vadzidzi vatatu vechiNifai, avo Kristu akanga abvumira kuti vagare pano pasi kusvika pakuuya kwake kwechipiri (3 Ni. 28:4–9) vakaparidzira vanhu. Nifai akasiya zvinyorwa kumwanakomana wake Amosi. Ndima 19–47 zvinyorwa zveushumiri hwaAmosi (makore makumi masere nemana) nezve-mwanakomana wake Amosi (makore zana negumi nemaviri). Muna 201 Kristu azvarwa, kudada kwakatanga kukonzera zvipingamupinyi mukati mevanhu, vakazvitsaura muzvikwata vakatanga sondo dzenhema kuti wawane (4 Ni. 1:24–34).

Ndima dzekupedzisira dza4 Nifai anoratidza kuti vanhu vakanga vadzokera zvakare mukuipa (4 Ni. 1:35–49). Muna 305 Kristu azvarwa, Amosi mwanakomana waAmosi akafa munin'ina wake Amaroni akaviga zvinyorwa zvinopera zvose kuti zvichengeteke. Mushure Amaroni akapa zvinyorwa izvi kunaMormoni, uyo akanyora zvakaitika zvizhinji zveupenyu hwake ndokuzozviisa muchidimbu (Morm. 1:2–4).

NIFAI, MWANAKOMANA WARIHAI. *Onawo* MaNifai;
Rihai, Baba vaNifai

MuBhuku raMormoni, mwanakomana akarurama waRihai naSaria (1 Ni. 1:1–4; 2:5). Nifai aive nerutendo rwukuru mushoko raMwari (1 Ni. 3:7) uye akave muporofita mukuru, muche-

ngeti wezvinyorwa, nemutungamiri wevanhu vake.

Akange achiteerera uye achinamata nerutendo, **1 Ni.** 2:16. Akadzokera kuJerusarema kunотора mahwendefa ndaira, **1 Ni.** 3–4. Akadzokera kuJerusarema kunounza mhuri yalshmaeri kuti iuye murenje, **1 Ni.** 7. Akatambira chiratidzo chimwechete chakatabirwa naRihai, **1 Ni.** 10:17–22; 11. Akaona muchiratidzo zvamangwana zvevanhu vake nokudzorerwa pakare kwevhangeri, **1 Ni.** 12–13. Akadudzira chiratidzo chemuti weupenyu, **1 Ni.** 15:21–36. Akatyora uta hwake asi pamusana perutendo akakwanisa kuwana kudya, **1 Ni.** 16:18–32. Akavaka ngarava akaenda kunyika yechipikirwa, **1 Ni.** 17–18. MaNifai nemaRamani vakatsaukana, **2 Ni.** 5. Akapa uchapu-pu hwekupedzisira, **2 Ni.** 33.

Bhuku ra1 Nifai: Zvitsauko 1 kusvika ku18:8 zvinotaura kunyanya nezvemuporofita Rihai nemhuri yake vachibva muJerusarema. Vakafamba nemumagwenga akanga asina chaanacho kudzamarava vasvika kugungwa. **1 Ni.** 18:9–23 inotaura nezverwendo rwavo nengarava kunyika yechipikirwa, sekutungamirwa kwavaitwa naIshe, kana dai zvazvo Ramani naRemueri vakanga vapanduka. Zvitsauko 19–22 zvinotaura nechikonzero chaNifai chekuchengeta zvinyorwa (**1 Ni.** 6:1–6; 19:18)—Kunyengetedza vose kuti vayeuke Ishe Mununuri wavo. Akataura mazwi alsaya (**1 Ni.** 20–21) uye akadudzira mazwi aitumirwa nalsaya, netariro yekuti vose vangasvike mukuziva Jesu Kristu neMuponesi Mununuri wavo (**1 Ni.** 22:12).

Bhuku ra2 Nifai: Zvitsauko 1–4 zvine zvimwe zvekudzidzisa kwaRihai kwekupedzisira nezviporofita zvake asati afa, zvichisanganisa maropafadzo pavanakomana vake nezvizvarwa zva-vo. Chitsauko 5 chinotsanangura chikonzero chakaita kuti maNifai azvitsaure kubva mumaRamani. MaNifai akavaka temberi, akadzidzisa murau waMosesi, uye vakachengeta zvinyorwa. Zvitsauko 6–10 zvine

mazwi aJakobho, munin'ina waNifai. Jakobho akatarisa nhoroondo yaJuda uye akaporofita nezva Mesia, zvimwe zvacho zvakatorwa muzvinyorwa zvemuporofita Isaya. Muzvitsauko 11–33 Nifai akanyora umbowo hwake pamusoro paKristu, umbowo hwaJakobho, zviporofita zvezawanda ekupedzisira, nezvitsauko zvakawanda zveMuTestamente yaKare zveMubhuku ralsaya.

Mahwendefa aNifai: Ona Mahwendefa

NIKODIMO. Onawo VaFarise

MuTestamente Itsva, mutongi akarurama wemaJuda (angangove weSanihederini) uye ari muFarise (**Joh.** 3:1).

Akataura kuna Jesu usiku, **Joh.** 3:1–21. Akapupurira Kristu kuvaFarise, **Joh.** 7:50–53. Akauya nezvinonhuwira pakuvigwa kwaJesu, **Joh.** 19:39–40.

NINIVE. Onawo Asiria; Jona

MuTestamente yaKare, guta guru reAsiria uye kwemakore anopfuura mazana maviri raive nzvimbo yekutengesana nokutengeserana kumabvazuva kwewizi rweTigiri. Rakapuzika panguva yakapuzika kutonga kwemaAsiria, muna 606 Kristu asati azvarwa.

Senheribi, mambo weAsiria, aigara muNinive, **II Madz.** 19:36. Jona akatumwa kuti anodaizira guta ritendeuke, **Jona** 1:1–2 (**Jona** 3:1–4). Vanhu veNinive vakatendeuka, **Jona** 3:5–10. Kristu akashandisa Ninive semufanidzo wekutendeuka kumaJuda, **Mat.** 12:41.

NJIVA, CHIRATIDZO CHE.

Onawo Mweya Mutsvene

Chiratidzo chakafanorongwa chaizaita kuti Johane Mubapatidzi azive Mesia (**Joh.** 1:32–34). Joseph Smith akadzidzisa kuti chiratidzo chenjiva chakaiswa kusati kwave nekusikwa kwenyika semupuriri weMweya Mutsvene; saka, dhiabhorosi haanga-uye sechiratidzo chenjiva.

Mweya waMwari wakaburuka senjiva, **Mat.** 3:16. Mushure mekunge Jesu

abhabhatidzwa, Mweya Mutsvene wakauya pasi uchinge njiva, **1 Ni.** 11:27. Ini, Johane, ndinotsinhira, uye tarisai, matenga akazururwa, uye Mweya Mutsvene ukadzika paari nechimiro chenjiva, **D&Z** 93:15.

NOA, MWANAKOMANA WAZENIFI

Mambo akaipa muBhuku raMormoni. Aitonga chikwata chemaNifai munyika yemaNifai.

Noa akaita zvitadzo zvakawanda, **Mosaya** 11:1–15. Akati muporofita Abhinadhai auraiwe, **Mosaya** 13:1 (Mosaya 17:1, 5–20). Noa akapiswa akafa, **Mosaya** 19:20.

NOA, TATEGURU

VEMUBHAIBHERI. *Onawo*

Areka; Gabrieri; Mafashamo munguva dzaNoa; Mutswi

MuTestamente yaKare, mwanakomana waRameki uye iye tateguru wechigumi kubvira kunaAdama (Gen. 5:29–32). Akapupura pamusoro paKristu uye akaparidza kutendeuka kuchizvarwa chakaipa. Vanhu pavakaramba shoko rake, Mwari vakamuti avake areka kuti aise mhuri yake nemhuka dzose kana nyika yanyura mumvura kuti iparadze vakaipa (Gen. 6:13–22; Mos. 8:16–30). Muporofita Joseph Smith akadzidzisa kuti Noa ndiye ngirozi Gabrieri uye amire pedyo naAdama mukuve nekiyi dzeruponeso.

Iye nevanakomana vake Jafeti, Shemi, naHami, nevakadzi vavo vakaponeswa pavakavaka areka varairwa naMwari, **Gen.** 6–8 (VaH. 11:7; I Pet. 3:20). Ishe vakamutsiridza patsva chibvumirano chavakanga vaita naEnoki naNoa, **Gen.** 9:1–17 (Mos. 7:49–52; DJS, Gen. 9:15, 21–25). Noa akagadzwa hupirisi-ta aine gumi remakore ekuzvarwa naMetusara, **D&Z** 107:52. Vanhu vakaedza kutora upenyu hwake, asi simba raMwari rakamuponesa, **Mos.** 8:18. Akave muparidzi wekururama uye akadzidzisa vhangeri raJesu Kristu, **Mos.** 8:19, 23–24 (II Pet. 2:5).

NUMERI. *Onawo* Magwaro mashanu emutemo

Bhuku rechina muTestamente yaKare. Mosesi ndiye akanyora bhuku reNumeri. Bhuku raNumeri rinotaura rungano rwerwendo rwemaIsraeri kubva kuGomo Sinai kusvika kumapanyu makuru eMoabi pamuganhu weKanani. Chimwe chezvidzidzo zvakakosha zvarinodzidzisa kuti vanhu waMwari vanofanira kufamba nerutendo vachivimba netsidziro dzake, kana vari vanoda kuramba vachibudirira. Rinotaura nekuranga kwaMwari maIsraeri pamusana pekusateerera uye richitaurawo pamusoro pemurau wemaIsraeri. Zita rebhuku iri rakatorwa mukushambadza kwekuverengwa kwevanhu (Num. 1–2, 26).

Zvitsauko 1–10 zvinotaura nezvekugadzirira kwemaIsraeri kubva kuSinai. Zvitsauko 11–14 zvinotsanangura nekufamba kwacho, kutumirwa kwevasori munyika yeKanani, nekuramba kwemaIsraeri kupinda munyika yechipikirwa. Zvitsauko 15–19 zvinoratidza mirau yakasiyana-siyana nezvaaitika. Zvitsauko 20–36 inhoroono yevanhu mugore ravo rekupedzisira vari murenje.

NUNGO. *Ona* Anenungo

NUNURA. *Ona* Akanunurwa

NYAMA. *Onawo* Munhu wenyama; Muviri; Upenyu hwenyama; Zvenyama

Nyama inoreva zvakawanda: (1) nyama yakapfava inoita miviri yerudzi rwevanhu, mhuka, shiri, kana hove; (2) chinofa; kana (3) muviri kana hunhu hwemunhu wenyama.

Nyama yeMuviri: Mhuka dzichave nyama kwamuri, **Gen.** 9:3. Mhuka hadzifanire kungouraiwa zvisina chikonzero, **DJS, Gen.** 9:10–11 (**D&Z** 49:21). Mhuka neshiri ndezvevanhu kuti vadye noku-shandisa sezvipfeko, **D&Z** 49:18–19 (**D&Z** 59:16–20). Takafanira kudya nyama zvine mwero, **D&Z** 89:12–15.

Kufa: Jesu ndiye mumwechete woga akaberekwa na Baba mukufa, **Joh.** 1:14 (Mosaya 15:1–3). Adama akave nyama yekutanga, **Mosaya** 3:7.

Kunzwa kwenyama mumunhu: Anotukwa uyo munhu anoita nyama yake ruwoko, **Jer.** 17:5. Mweya unoda, asi nyama yakaneta, **Marko** 14:38. Kunzwa mwoyo kwenyama hakusi kwaBaba, **I Joh.** 2:16. Nifai akasuwa pamusana penyama yake nokuipa kwake, **2 Ni.** 4:17–18, 34. Musazviwadzanise pachenyu nadhiabhorosi nenyama, **2 Ni.** 10:24.

NYASHA. *Onawo* Anetsitsi;
Dzikinura; Jesu Kristu; Ruponeso

Simba rinobva kuna Mwari rinobvumira varume nevakadzi kuwana maropafadzo muupenyu huno nokuwana upenyu hwokusingaperi nokukwidziri-dzwa mushure mekunge vaita rutendo, vatendeuka, uye vaedza zvole zvavanogona muku chengetedza mirairo. Rubatsiro rwakadai rwaMwari kana simba rinopihwa kuburikidza nyasha nerudo rwaMwari. Wose munhu mupenyu anoda nyasha pamusana pekupunzika kwaAdama uye nokuti munhu anehutera.

Nyasha nechokwadi zvakauya naJesu Kristu, **Joh.** 1:17. Kuburikidza nyasha dzaKristu tichaponeswa, **Mabasa** 15:11 (VaR. 3:23–24; D&Z 138:14). Tine mukana pamusana perutendo, kunyasha dzake, **VaR.** 5:2. Nyasha munoponeswa nerutendo, **VaE.** 2:8. Nyasha dzaMwari dzinounza ruponeso, **Tito** 2:11. Uyai makagwinya pachigaro chenyasha, **VaH.** 4:16. Mwari anopa nyasha kune vanozvinipisa, **I Pet.** 5:5. Hakuna angagare pamberi paMwari asi nokuburikidza kwezviito, tsitsi, nenyasha dzaMesia Mutsvene, **2 Ni.** 2:8. Kuburikidza chete nemunyasha dzaMwari zvinoita kuti vanhu vaponiswe, **2 Ni.** 10:24. Tinoponeswa nenyasha chete, mushure mezvatingaite, **2 Ni.** 25:23. Inyasha dzinoita kuti tive nesimba rekuita zvinhu izvi, **Jak.** 4:7. Vanhu vanogona kudzorera kunyasha pamusoro penyasha, maererano nemabasa

avo, **Hir.** 12:24. Nyasha dzangu dzakakwanira avo vakazvirereka neavo vose vanozvinipisa, **Eta** 12:26–27. Moronai akanamata kuti majentairi vapiwe nyasha kuti vave nerudo, **Eta** 12:36, 41. Nyenasha dzaMwari imi makakwana muna Kristu, **Moro.** 10:32–33. Jesu akagashira nyasha pamusoro penyasha, **D&Z** 93:12–13, 20.

NYENGEDZA. *Ona* Hunyengedzi

NYIKA. *Onawo* Baberi, Babironi;
Pasi; Upenyu hwenyama

Pasi; nzvimbo yekuedzwa kwevanhu venyama. Sekutaura, avo vanhu vasingateerere mirairo yaMwari.

Upenyu hwenyama: Munyika muchawana matambudziko, **Joh.** 16:33. Musatyekudakara kufa; nokuti munyika ino mufaro wenyu hauna kuzara, **D&Z** 101:36.

Vanhu vasingateerere mitemo: Ndicharanga nyika pamusana pekuipa kwavo, **Isa.** 13:11 (2 Ni. 23:11). Kana nyika ichikuvengai, munoziva kuti vakandivenga ini kare, **Joh.** 15:18–19. Zimba riya zidhandanda raive kuzvikudza kwenyika, **1 Ni.** 11:36. Nyika iri kuibva mukusarurama, **D&Z** 18:6. Zvichenge-tei musina kusvibiswa nenyika, **D&Z** 59:9. Uyo ane rutendo uye agoshingirira achakunda nyika, **D&Z** 63:47. Hamuzogara netsika yenyika, **D&Z** 95:13.

Kuguma kwenyika: Ndinosika nyika itsva: yakare haizoyekwa, **Isa.** 65:17 (Zvaka. 21:1; Mis. yeCh. 1:10). Mukuguma kwenyika ino, masawi achau-nganidzwa opiswa mumoto, **Mat.** 13:40, 49 (Mara. 4:1; Jak. 6:3). Munda wangu wemizambiringa ndichaita kuti upiswe nemoto, **Jak.** 5:77 (D&Z 64:23–24). Ishe vachaparadza Satani nemabasa ake mukuguma kwenyika, **D&Z** 19:3. Nyika ichafa, asi ichamutswa zvakare, **D&Z** 88:25–26. Ishe vakaratidza Enoki kuguma kwenyika, **Mos.** 7:67.

NYIKA YECHIPIKIRWA

Nyika idzo Ishe anovimbisa senhaka kuvateveri vake vakatendeka, uye kazhinjiwo nekuzvizvarwa zvavo. Kune

nyika zhinji dzakavimbiswa. Kazhinji muBhuku raMormoni, nyika yakavimbiswa iAmerica.

Kumbeu yako ndichapa nyika iyi, **Gen.** 12:7 (Abr. 2:19). Ndichapa kwauri neku-mbeu yako nyika yeKanani, **Gen.** 17:8 (Gen. 28:13). Mosesi akadoma miganhu yenyika kuitira Israeri muKanani, **Num.** 34:1–12 (Num. 27:12). Muchatungamirirwa kunyika yechivimbiso, **1 Ni.** 2:20 (1 Ni. 5:5). Ishe vanotungamirira vakarurama munyika dzinokosha, **1 Ni.** 17:38. Kana zvizvarwa zvaRihai zvika-chengeta mitemo yaMwari, vachabudirira munyika yechipikirwa, **2 Ni.** 1:5–9. Israeri ichadzokera kunyika dzavo dzechipikirwa, **2 Ni.** 24:1–2 (Isa. 14:1–2). Rudzi rwupi zvarwo rwunenge rwatora nyika yechipikirwa iyi rwunofanira kushandira Mwari kana kuti vangatsvairwe, **Eta.** 2:9–12. Iyi ndiyo nyika yechipikirwa, uye iri iyo nzvimbo yeguta reZioni, **D&Z** 57:2. Juda angagotanga kudzokera kunyika dza-Abrahamu, **D&Z** 109:64. Jerusarema Idzva richavakwa pamusoro penyika yeAmerica, **Mis. yeCh.** 1:10.

NYIKA YEMWEYA. *Ona* Gehena; Paradiso; Upenyu hwenyama husati hwavapo

NYOKA, YESIMBI. *Onawo* Jesu Kristu; Mosesi

Nyoka yesimbi yakagadzirwa naMosesi atumwa naMwari kuti irape valsaeri vakanga varumwa nenyoka dzaityisa (nyoka dzine uturu) murenje (Num. 21:8–9). Nyoka yesimbi iyi yakanga yakaiswa pazibango uye “ndokusimudzirwa mudenga kuti ani zvake anoitarisa ararama” (Aru. 33:19–22). Ishe vakataura nezvekusimudzwa kwenyoka murenje semufananidzo wake iye achisimudzwa pamuchinjikwa (Joh. 3:14–15). Zvakazarurwa zvemazuva ekupe-dzisira zvinotsinhira nyaya yenyoka dzinotyisa nokuti vanhu vakarapwa sei (1 Ni. 17:41; 2 Ni. 25:20; Hir. 8:14–15).

NZEVE. *Onawo* Anoteerera; Teerera Mumagwaro matsvene, nzeve kazhinji

inoshandiswa serupawo rwekukwanisa kwemunhu kunzwa nokunzwisisa zvinhu zvaMwari.

Vane nzeve, asi havanzwe, **Mpi.** 115:6. Ishe vanomutsa nzeve yangu kuti inzwe, **Isa.** 50:4–5 (2 Ni. 7:4–5). Uyo ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe, **Mat.** 11:15. Nzeve dzavo hadzinyatsonzwa, **Mat.** 13:15 (Mosaya 6:27). Ziso harina kuona kana nzeve haina kunzwa zvinhu izvo Mwari vakagadzirira avo vanovada, **I VaKori.** 2:9 (D&Z 76:10). Dhiabhorosi anozvezera munzeve dzavo, **2 Ni.** 28:22. Vhurai nzeve dzenyu kuti munzwe, **Mosaya** 2:9 (3 Ni. 11:5). Ndakashevedzwa nguva zhinji, uye ndakange ndisinganzwe, **Aru.** 10:6. Ipai nzeve kumazwi angu, **Aru.** 36:1 (Aru. 38:1; D&Z 58:1). Hakuna nzeve ichatadza kunzwa, **D&Z** 1:2. Nzeve dzinozururwa kuburikidza nokuzvireka nokunamata, **D&Z** 136:32.

NZIRA. *Onawo* Famba, Famba naMwari; Jesu Kristu

Nzira kana gwara rinotevedzwa nemunhu. Jesu akati ndiye nzira (Joh. 14:4–6).

Chengetai mirairo yalshe kuti mufambe munzira dzavo, **Deut.** 8:6. Dzidzisa mwana munzira yaanofanira kuenda nayo, **Zir.** 22:6 (2 Ni. 4:5). Ishe vakati nzira dzavo dziri pamberi kupfuura dzedu, **Isa.** 55:8–9. Suwo rakamanikana nenzira yakamanika iyo inoenda ku-penyu, **Mat.** 7:13–14 (3 Ni. 14:13–14; 27:33; D&Z 132:22, 25). Mwari vachakuitira nzira imi kuti mupunyuke ku-edzwa, **I VaKori.** 10:13. Ishe havape murairo uyo wavasingagadzirire vana vavo nzira yekuti vauchengetedze, **1 Ni.** 3:7 (1 Ni. 9:6; 17:3, 13). Hapana imwe nzira zve kunze kwepasuwo, **2 Ni.** 9:41. Makasununguka kuzviitira mega—kusarudza nzira yerufu rusingaperi kana nzira yekuupenyu hwo-kusingaperi, **2 Ni.** 10:23. Iyi ndiyo nzira hakuna zve imwe nzira kana zita, **2 Ni.** 31:21 (Mosaya 3:17; Aru. 38:9; Hir. 5:9). Muchipo cheMwanakomana wavo Mwari vakagadzira nzira yaka-

nyanya kunaka, **Eta** 12:11 (I VaKori. 12:31). Wose munhu anofamba munzira make ega, **D&Z** 1:16. Zvakafanira kuitwa nenzira yangu, **D&Z** 104:16.

OBADIA

Muporofita wemuTestamente yaKare akafanodudzira zvekuparadzwa kwe-Edomi. Akaporofita zvimwe munguva yekutungwa kwaJehorami (838–844 Kristu asati azvarwa). Kana kuti nguva dzekupindirwa neveBabironi muna 586 Kristu asati azvarwa.

Bhuku raObadia: Bhuku riri muTestamente yaKare. Rine chitsauko chimwechete chete. Mariri Obadia akanyora zvekupunzika kweEdomi uye akaporofita kuti vakaponeswa vachamira pamusoro peGomo Zioni.

OBEDI. *Onawo* Boazi; Rute

MuTestamente yaKare, mwanakomana waBoazi naRute uye ari baba vaJesi, uyo akazove baba vaMambo Davidi (Rute 4:13–17, 21–22).

OMEGA. *Ona* Arfa naOmega; Jesu Kristu

OMUNA. *Onawo* Mosaya, Mwanakomana waBenjamini; Mosaya, Vanakomana va

MuBhuku raMormoni, mwanakomana waMambo Mosaya. Omuna akaenda nevakoma vake kunoparidza kumaRamani (Mosaya 27:8–11, 34–37; 28:1–9).

OMUNI

Aive muNifai muchengeti wezvinyorwa muBhuku raMormoni akanyora sekunge mugore ra361 Kristu asati azvarwa (Jar. 1:15; Omu. 1:1–3).

Bhuku raOmuni: Bhuku rakadudzirwa kubva kumahwendefa madiki aNifai muBhuku raMormoni. Bhuku iri rine chitsauko chimwechete chete, chine rondedzero rwedzihondo pakati peMaNifai nemaRamani. Omuni akanyora mavhesi matatu chete ekutanga ebhuku iri. Mahwendefa akazoiswa nemajana kuna Amaroni, Kemishi,

Abhinadhomu, uye kekupedzisira Amarekai. Amarekai akaendesema mahwendefa kuna Mambo Benjamini, mambo weZarahemura.

PAHORANI

MuNifai wechitatu kuve mutongi mukuru muBhuku raMormoni (Aru. 50:39–40; 51:1–7; 59–62).

PARADISO. *Onawo* Denga

Chinzvimbo chemunyika yemweya umo munoti mweya yakarurama iyo yabva mune huno upenyu inomirira kumuka kuvakafa kwemuviri. Magariro erufaro nerunyaro.

Paradiso rinoshandiswa mumagwaro matsvene kureva nyika yemweya (Ruka 23:43), kubwinya umambo hweseresitiyaro (II VaKori. 12:4), nokurumbidzwa kwemamiriro emirenia pano pasi (Mis. yeCh. 1:10).

Kune uyo anokunda ndichapa kuti adye muti weupenyu, uyo uri pakati peparadiso yaMwari, **Zvaka**. 2:7. Paradiso yaMwari yakafanira kuponesa mweya yavakarurama, **2 Ni**. 9:13. Mweya yevakarurama inogashirwa murufaro, unodaidzwa kuti paradiso, **Aru**. 40:11–12. Vose vadzidzi vaJesu vakaenda kuparadiso yaMwari, kunze kwevatatu, **4 Ni**. 1:14. Ndichaenda muchinguvana kuzorora muparadiso yaMwari, **Moro**. 10:34. Kristu akaparidzira kumweya yakarurama muparadiso, **D&Z** 138.

PARIDZA. *Onawo* Basa rekushumira; Vhangeri

Kupa shoko rinoita kuti vanhu vave nekunzwisisa kuri nani kwemusimboti wevhangeri kana dzidziso.

Ishe vakandizodza ini kuti ndiparidze nhau yakanaka kune vakapfava, **Isa**. 61:1 (Ruka 4:16–21). Simuka uende kuNinive, unoiparidzira, **Jona** 3:2–10. Kubvira nguva iyoyo Jesu akatanga kuparidza, **Mat**. 4:17. Endai imi munyika mose, muparidze vhangeri kuchisikwa chose, **Marko** 16:15. Tinoparidza Kristu akaroverwa, **I VaKori**. 1:22–24.

Akaenda akanoparidzira mweya mutirongo, **I Pet.** 3:19. Pakanga pasina chimwe kunze kwekuparidza noku-vamutsa nguva dzose kuvagarisa vari mukutya Ishe, **Eno.** 1:23. Akaraira kuti vasaparidze chimwe chinhu kunze kwekunge kuri kutendeuka nerutendo kuna Ishe, **Mosaya** 18:20. Kuparidzwa kweshoko kwaiyamura zvikuru muku-tungamira vanhu kuita izvo zvakana-ka, **Aru.** 31:5. Haufanire kufunga kuti wakadaidzwa kuzoparidza kudakara wadaidzwa, **D&Z** 11:15. Hazvichazopiwa kuna ani zvake kuenda kunoparidza kunze kwekunge agadzwa, **D&Z** 42:11. Iri vhangeri richaparidzira kumarudzi ose, **D&Z** 133:37. Vhangeri rakatanga kuparidzwa kubvira pakutanga, **Mos.** 5:58.

PARTRIDGE, EDWARD

Nhengo nemutungamiri pane vekutanga veChechi ino mushure mekudzore-rwa pakare munguva dzemazuva ano. Edward Partridge akashanda sabhishopi wekutanga weChechi ino (**D&Z** 36; 41:9–11; 42:10; 51:1–18; 115; 124:19).

PASEKA. *Onawo* Chirairo

Chekupedzisira; Gwayana raMwari

Mabiko ePaseka akaitwa kuti zviyamure vana velsraeri kurangarira apo ngirozi yaiparadza yakapfuura nepamusoro pedzimba dzavo uye ikavabvisa kumaEgipita (**Eks.** 12:21–28; 13:14–15). Hwayana dzisina kavara, idzo dzine ropa raishandiswa semucherechedzo wekuponesa maIsraeri makare-kare, rupawo rwajesu Kristu, Gwayana raMwari, mupiro wake wakanunura ose marudzi evanhu.

Ichi ndicho chisungo chepaseka, **Eks.** 12:43. Jesu Kristu neVaapostori vake vakachengetedza paseka paChidyo Chekupedzisira, **Mat.** 26:17–29 (Marko 14:12–25). Onai Gwayana raMwari, rinobvisa chitadzo cheniyika, **Joh.** 1:29, 36. Kristu paseka yedu anopirwa pamusana pedu, **I VaKori.** 5:7. Tinonunurwa neropa raKristu, sere hwayana isina

kavara, **I Pet.** 1:18–19. Ivai nerutendo muGwayana raMwari anotora zvitadzo zveniyika, **Aru.** 7:14. Vatendi vanogara vari muShoko reRuzivo vachachengetedzwa sezvakaitwa vana velsraeri, **D&Z** 89:21. Gwayana rinouraiwa kubva pahwaro hweniyika, **Mos.** 7:47.

PASI. *Onawo* Kusika; Nyika

Nzvimbo yatinogara, yakasikwa naMwari kuburikidza naJesu Kristu kuti ishandiswe nemunhu munguva dzekuedzwa kwake ari wenyama. Magumo ayo kuti izove inekubwinyiswa neku-kwidziridzwa (**D&Z** 77:1–2; 130:8–9). Pasi pachave nhaka yokusingaperi ye-avo vakagara zvakakodzera kuti vave vekubwinya kweseresitiyaro (**D&Z** 88:14–26). Vachafadzwa vari pamberi paBaba neMwanakomana (**D&Z** 76:62).

Pakasikirwa munhu: Mwari vakapa munhu kutonga pasi, **Gen.** 1:28 (**Mosaya** 2:28). Pasi ndepa Ishe, **Eks.** 9:29 (**Mpi.** 24:1). Ishe vakapa pasi kuvana vevanhu, **Mpi.** 115:16. Ndakasika nyika ndikasika munhu pamusoro payo, **Isa.** 45:12. Nesimba reshoko ravo munhu akauya panyika, **Jak.** 4:9. Pasi pachapiwa kune avo vakatora Mweya Mutsvene kuti uvatungamire, **D&Z** 45:56–58 (**D&Z** 103:7). Avo vakateere-rva vhangeri vanopiwa mubairo wezvihu zvakanaka zvepasi pano, **D&Z** 59:3. Varombo nevanozvirereka vepasi vachaigara senhaka, **D&Z** 88:17 (**Mat.** 5:5; 3 **Ni.** 12:5). Tichagadzira pasi, tigovayedza, **Abr.** 3:24–25.

Chinhu chipenyu: Pasi panogara narinhi, **Mpa.** 1:4. Gungwa regirazi ndiro pasi pave mumamiro apo ekucheneswa, pokusafa, nepokusingaperi, **D&Z** 77:1. Pasi pakafanira kucheneswa pogadzirirwa kubwinya kweseresitiyaro, **D&Z** 88:18–19. Pasi pakachema zvakanzwikwa, **Mos.** 7:48.

Kupatsanurwa kwepasi pano: Mvura ngadziunganidzwe pamwechete munzvimbo imwechete, **Gen.** 1:9. Mumazuva aPeregi pasi pakapatsanurwa, **Gen.** 10:25. Mushure mekunge mvura dza-pwa, yakave nyika yakasarudzwa,

Eta 13:2. Pasi pachazove sezvapakanga pakaita pasati papatsanurwa, **D&Z** 133:24.

Kusukwa kwepasi pano: Mvura yakanya pasi kwemakumi mana emazuva, **Gen.** 7:4. Pasi pakachengetedzwa kumoto kumirira zuva remutongo, **II Pet.** 3:7. Mushure manhasi kunouya kutsva, **D&Z** 64:24. Pasi panoda kusukwa kubva mutsvina, **Mos.** 7:48.

Mamiriro ekupedzisira epasi pano: Pasi pachapetwa-petwa pamwechete sekupetwa kwetsamba popfuura, **3 Ni.** 26:3 (**D&Z** 29:23). Kuchave nedenga idzva nepasi patsva, **Eta** 13:9 (**D&Z** 29:23). Gungwa regirazi pasi pano muchinzvimbo charo chekucheneswa, hupenya husina magumo nekusingaperi kwaro, **D&Z** 77:1. Pasi pakafanira kucheneswa pogadzirirwa kubwinya kweseresitiyaro, **D&Z** 88:18–19. Pasi pachaitwa girazi rinenge riri Urimi neTumimi, **D&Z** 130:8–9. Kwechiuru chemakore pasi pachazorora, **Mos.** 7:64. Pasi pachavandudzwa kuitwa patsva, **Mis. yeCh.** 1:10.

PATANI

Mufananidzo unogona kutevedzwa nemunhu kuti awane zvimwe zvinhu. Mumagwaro matsvene, *patani* kazhinji zvinoreva muenzaniso wekugara kweimwe nzira kana kuvaka chimwe chinhu.

Ishe vakataurira Israeri kuti vavake tabernakeri maererano nepatani yakaratidzwa Mosesi, **Eks.** 25. Davidi akapa Soromoni patani yekuvaka temberi, **I Mak.** 28:11–13. Mandiri Jesu Kristu angaratidze patani kwavari vanofanira kudaira kwaari, **I Tim.** 1:16. Ndinokupai patani muzvinhu zvose, kuti musanyengedzwe, **D&Z** 52:14.

PATIRIYAKI. *Onawo* Baba, Vepanyama; Hupirisita weMerkizedeki; Maropafadzo ehupatiriyaki; Muvhangeri

Magwaro matsvene anotaure nezve-mhando mbiri dzemapatiriyaki: (1) chinzvimbo chinogadzwa muHupirisita hweMerkizedeki, pane dzimwe

nguva vanodaidzwa kuti muvhangeri; (2) madzibaba emhuri. Mapatiriyaki akagadzwa anopa maropafadzo kunhengo dzeChechi dzakakodzera.

Mapatiriyaki akagadzwa: Akapa vamwe maporofita nevamwe vavhangeri, **VaE.** 4:11 (**Mis. yeCh.** 1:6). Ibasa revanegumi neVaviri kugadza vashumiri vevhangeri, **D&Z** 107:39. Hyrum angatore chinzvimbo chehupirisita napatiriyaki, **D&Z** 124:91–92, 124; 135:1.

Vana baba: Jakobo akaropafadza vanakomana vake nezvizvarwa zvavo, **Gen.** 49:11–28. Regai nditaure ndakasununguka kwamuri nezvemupatiriyaki Davidi, **Mabasa** 2:29. Rihai airaira nekuropafadza vana vake, **2 Ni.** 4:3–11. Ndakawe mugari wenhaka akarurama, ndiine mvumo yekumadzibaba, **Abr.** 1:2–4.

PATTEN, DAVID W.

Nhengo yeChikwata chekutanga chevanegumi neVaviri Vaapositori rakasarudzwa mubasa remazuva ekupedzisira. David Patten akave wekutanga kufira vhangeri muChechi rakadzorerwa pakare, auraiwa pahondo yeRwizi rweCrooked River muMissouri muna 1838.

Akadaidzwa kuti agadzirise basa rake nekuita zvaakanga achiita, **D&Z** 114:1. Akatorwa akaendeswa kuna Ishe, **D&Z** 124:19, 130.

PAURO. *Onawo* Magwaro aPauro

Muapositori wemuTestamente Itsva. Zita raPauro rechiHeberu rainzi Sauro, uye akaenda nezita iri kudakara kutanga kwemharidzo yake kuvaJentairi. Akambenge achitambudza Chechi asi akatendeudzirwa kuchokwadi charo mushure mekuona chiratidzo chajesu Kristu. Pauro akaenda panzendo huru nhatu dzekushumira akanyora matsamba akawanda kuVatendi. Gumi neina dzetsamba idzi dzinoita chidimbu cheTestamente Itsva nhasi. Pekupedzisira akatorwa semusungwa kuRoma sezvoakauraiwa, zvimwe munguva yepfumvudza ya65 Kristu azvarwa.

Akafara nekutakwa kwaStefano nama-bwe, **Mabasa** 7:57–8:1. Akatambudza vatendi, **Mabasa** 8:3. Akanga achienda kuDamasiko Jesu paakazviratidza kwari, **Mabasa** 9:1–9. Akabhabhatidzwa naAnaniasi, **Mabasa** 9:10–18. Mushure mekuzorora ari muArabia, akadzokera kuDamasiko kunoshumira, **Mabasa** 9:19–25 (VaG. 1:17). Makore matatu mushure mekutendeuka kwake, akadzokera kuJerusarema, **Mabasa** 9:26–30 (VaG. 1:18–19). Akaenda munzendo nhatu dzekushumira, achiparidza vhangeri achironga mapazi echechi munzvimbo dzakasiyana-siyana dzeushe hweRoma, **Mabasa** 13:1–14:26; 15:36–18:22; 18:23–21:15. Paakadzokera kuJerusarema mushure merwendo rwake rwechitatu, akasungwa akatumirwa kuna Kesaria, **Mabasa** 21:7–23:35. Akagara ari muusungwa muKesaria kwemakore maviri, **Mabasa** 24:1–26:32. Akatumirwa kuRoma kunotongwa akakuturwa nengarava munzira, **Mabasa** 27:1–28:11.

PENTEKOSTA. *Onawo* Mutemo waMosesi

Sezvimwe zvemutemo waMosesi, mabiko ePentekosta kana michero yekutanga aitwa mushure memakumi mashanu emazuva mabiko epaseka aitwa (Rev. 23:16). Pentekosta yaive yekupemberera gohwo, uye muTestamente yaKare inodaidzwa kuti mabiko egohwo kana kuti mabiko emasvondo. Aive mabiko aya aipembererwa apo Vaapositori muJerusarema vakazadzwa neMweya Mutsvene vakataura nendimi (Mabasa 2; D&Z 109:36–37).

PEREGI

MuTestamente yaKare, mwanakomana waEberi ari chizukuru chemwana waShemi. Munguva yake pasi rakaganhurwa (Gen. 10:22–25).

PETRO

MuTestamente Itsva, Petro pakutanga aizivikaniwa saSimeoni kana Simoni (II Pet. 1:1), Muredzi wehove weBetsaida aigara kuKapenaume nemudzimai wake. Jesu akarapa amai vemukadzi

waPetro (Marko 1:29–31). Petro akadaidzwa pamwechete nemunin'ina wake Andrea kuti vave vadzidzi vaJesu Kristu (Mat. 4:18–22; Marko 1:16–18; Ruka 5:1–11). Zita rake rechiArami, Kefasi, zvichireva “muoni” kana “dombo” rakapiwa kwaari naIshe (Joh. 1:40–42; DJS, Joh. 1:42). Nyangwe Testamente itsva ichitaura kumwe kusasimba kwaPetro muzvinhu zvenyama, inotaura kana kuratidzawo kuti akazvikunda uye akaitwa akasimba nerutendo rwake munaJesu Kristu.

Petro akataura kuti Jesu akanga ari Kristu uye Mwanakomana waMwari (Joh. 6:68–69), uye Ishe vakamusarudza kuti abate kiyi dzeumambo hwepano pasi (Mat. 16:13–18). PaGomo reKushandurwa, Petro nakaona Muponesi ashanduka naMosesi naEria (Erija) (Mat. 17:1–9).

Petro ndiye aive Muapostori mukuru panguva dzake. Mushure mekufa, kumuka kuvakafa, nokukwira kudenga kweMuponesi, akadaidza Chechi pamwechete akatungamira kudaidzwa kweMuapostori wekutora nzvimbo yaJudasi Iskarioti (Mabasa 1:15–26). Petro naJohane vakarapa murume akanga akaremara kubvira pakuzvara kwake (Mabasa 3:1–16) uye vakasunungurwa zvakashamisa kubva mutirongo (Mabasa 5:11–29; 12:1–19). Paive pamusana pekuparidza kwaPetro kwakaita kuti vhangeri riparidzwe kekutanga kune maJentairi (Mabasa 10–11). Mumazuva ekupedzisira, Petro, ainaJakobo naJohane, vakauya kubva kudenga vakapa Hupirisita hwaMerkizedeki nekiyi dzacho kuna Joseph Smith naOliver Cowdery (D&Z 27:12–13; 128:20).

Rugwaro rwekutanga RwaPetro: Rugwaro rwekutanga rwakanyorwa kubva ku“Babironi” (zvimwe kuRoma) uye rwukatimirwa kuVatendi vaive mave kunzi zvino Asia Minor mushure mekunge Nero achangotanga kupfuvisa maKristu.

Chitsauko 1 chinotaura nezvekunge Kristu ari akanga akagadzwa kare asati avepo kuti azove Mununuri. Zvitsauko 2–3 zvinotsanangura kuti Kristu ndiro

dombo guru rakatsigira Chechi, kuti Vatendi vane hupirisita hweushe, nokuti Kristu akaparidzira mweya iri mutirongo. Zvitsauko 4–5 zvinotsanangura kuti sei vhangeri richiparidzirwa vakafa nokuti sei magosa achinzi afudze hwai.

Rugwaro rweChipiri rwaPetro: Chitsauko 1 chinokumbira Vatendi kuti vaite kuti kudaidzwa nokusarudzwa kwa-vo kuve kwechokwadi. Chitsauko 2 chinoyambira kuchenjerera vadzidzisi venhema. Chitsauko 3 chinotaura nezvemazuva ekupedzisira nokuuya kwaKristu kwechipiri.

PFUMA. *Ona* Upfumi

PFUNGWA. *Onawo* Kufunga

Kwaniso dzepfungwa; simba repfungwa.

Mushandire nemwoyo wakakwana nepfungwa inoda, **I Mak.** 28:9. Idayi Ishe Mwari venyu nepfungwa dzenyu dzose, **Mat.** 22:37. Kuve nepfungwa dzenyama rufu; kuve nepfungwa dzemweya upenyu hwokusingaperi, **2 Ni.** 9:39. Izwi ralshe rakauya mupfungwa mangu, **Eno.** 1:10. Shoko raive nesimba guru mupfungwa dzevanhu kupfuura bakatwa, **Aru.** 31:5. Ndichakuudza mupfungwa mako, **D&Z** 8:2. Zviongorore mupfungwa mako, **D&Z** 9:8. Regai zvakadzama zvinoyera zvekusingapere zvizorora pamusoro pepfungwa dzako, **D&Z** 43:34. Pfungwa dzenyu munguva dzakapfuura dzange dzine rima, **D&Z** 84:54. Endai kunorara nokukurumidza, mukai runghanani kuti miviri nepfungwa dzenyu dzigosimbiswa, **D&Z** 88:124. Satani akange asingazive pfungwa yaMwari, **Mos.** 4:6. Ishe vakadaidza vanhu vavo kuti Zion, pamusana pekuti vaive nemwoyo mumwechete nepfungwa imwechete, **Mos.** 7:18.

PFUVISA. *Ona* Kupfuvisa

PHELPS, WILLIAM W.

Nhengo panguva yekutanga uye nemutungamiri muChechi mushure mekunge radzororwa pakare muna 1830. Ishe vakadaidza William Phelps

kuti ave anodhindira Chechi (**D&Z** 57:11; 58:40; 70:1).

PIKA. *Ona* Chitsidzo; Kusvibisa; Kutaura zvisina

PINDUTSA. *Ona* Kupinduka

PIRATO, PONTIO

Mutongi wechiRoma muJuda, 26–36 Kristu azwarwa (Ruka 3:1). Aivenga vanhu vechiJuda nechitendero chavo akauraya maGarirea vakati kuti (Ruka 13:1). Jesu akapomerwa akatongerwa kuroverwa pamuchinjikwa pamberi paPirato (**Mat.** 27:2, 11–26, 58–66; **Marko** 15; **Ruka** 23; **Joh.** 18:28–19:38).

POMERA. *Ona* Kupomera

POROFITA. *Ona* Huporofita

PRATT, ORSON

Mumwe weVaapositori vaneGumi neVaviri vekutanga kudaidzwa mushure mekudzorerwa pakare kweChechi mumazuva ano (**D&Z** 124:128–129). Akanga angove nemazuva anokwana maChechi matanhatu apo Ishe vakapa chiratidzo kwaari nekuna Joseph Smith (**D&Z** 34). Orson Pratt akanga ariwo mushumiri weChechi (**D&Z** 52:26; 75:14) uye akashanda semunyori wenhoroono yeChechi ino kwemakore akawanda.

PRATT, PARLEY PARKER

Mukoma waOrson Pratt uye ari mumwe wekutanga paVaapositori vaneGumi neVaviri vakadaidzwa mushure mukudzorerwa kweChechi ino munguva ino (**D&Z** 124:128–129). Parley Pratt akadaidzwa kekutanga mukudaidzwa kwakawanda kumabasa ekushumira apo Ishe vakamupa zvakazarurwa nekuna Joseph Smith muna Gumigu-gu gore ra1830 (**D&Z** 32; 50:37).

PUPURA. *Onawo* Uchapupu

Kupupura nesimba reMweya Mutsvene; kuzvvisa zvinekuremekedza chokwadi zvakamira paruzivo kana kutenda kwako.

Munyaradzi achapupura pamusoro pangu, **Joh.** 15:26. Akatiudza kuti tiparidze nekupupura, **Mabasa** 10:42. Vapupuri vatatu vachapupura kuchokwadi, **2 Ni.** 27:12. Simba reMweya Mutsvene richazvitakura nevana vevanhu, **2 Ni.** 33:1. Magwaro Matsvene anopupura nezvaKristu, **Jak.** 7:10–11 (Joh. 5:39). Ndinopupura kwamuri kuti ndinoziva kuti zvinhu izvi zvandakataura ndezvechokwadi, **Aru.** 5:45 (Aru. 34:8). Muchazvipupura nezvazvo nesimba raMwari, **D&Z** 17:3–5. Icho chapupurwa kwamuri neMweya, makafanira kuchiita, **D&Z** 46:7. Ndakakutumirai kunze kuti munopupura nekuyambira, **D&Z** 88:81.

RABANI, HANZVADZI

YAREBEKA. *Onawo* Rebeka

MuTestamente yaKare, hanzvadzi yaRebeka uye baba vaRea naRakeri, vakadzi vaJokobo, (Gen. 24:29–60; 27:43–44; 28:1–5; 29:4–29; 30:25–42; 31:1–55).

RABHANI, MUCHENGETI

WEMAHWENDEFA ESIMBI.

Onawo Mahwendefa Ndarira

MuBhuku raMormoni, murume uyo aichengeta mahwendefa esimbi muJerusarema panguva dzemhuri yaRihai. Rabhani akabira uye akayedza kuuraya Nifai nevakoma vake (1 Ni. 3:1–27). Mweya wakatungamirira Nifai kuti auraye Rabhani kuti atore mahwendefa (1 Ni. 4:1–26).

RAFERI. *Onawo* Ngirozi

Ngirozi yaIshe yakashanda mukudzorera pakare kwezvinhu zvose (D&Z 128:21).

RAIRA

Sekushandiswa mumagwaro matsvene, rairo rinoreva kupa mazano kana kudzidzisa.

Ndinokurairai kutenga kwandiri goridhe rakayedzwa mumoto, **Zvaka.** 3:18. Musatsvage kuraira Ishe, **Jak.** 4:10. Vanoraira noungwaru pamusoro pemabasa avo ose, **Aru.** 37:12. Zvitema zvenyu zvakwira kwandiri pamusana

pekuti munotsvaka kuraira nenzira dzenyu mega, **D&Z** 56:14.

RAIRO. *Onawo* Muporofita

Kukohomedza, yambiro, rairo, neku-dzidziswa kubva kuna Ishe nevatungamiri vavo vakagadzwa.

Ndichakupai rairo, **Eks.** 18:19. Mwari vachanditungamira nerairo yavo, **Mpi.** 73:24. Kana pasina zano rapiwa, vanhu vanopunzika, **Zir.** 11:14. VaFarise nemagweta vakaramba rairo yaMwari, **Ruka** 7:30. Kuve vakadzidza kwakanaka kana vachiteerera kurairo yaMwari, **2 Ni.** 9:29. Teererai kurairo reuyo akakugadzai, **D&Z** 78:2. Gashira rairo yeuyo andasarudza, **D&Z** 108:1. Aivavarira kumisa zano rake kunze kwerairo yeuyo andakagadza, **D&Z** 124:84. Teererai kurairo yemuranda wangu Joseph, **D&Z** 124:89. Kana ani munhu asingatsvake rairo yangu, haachazove nesimba, **D&Z** 136:19.

RAKERI. *Onawo* Jakobo,

Mwanakomana walsaka

MuTestamente yaKare, mukadzi waJakobo (Gen. 29–31, 35). Aivewo amai vaJosefa naBenjamini.

RAMANI. *Onawo* MaRamani; Rihai,

Baba vaNifai

MuBhuku raMormoni, mwanakomana mukuru waRihai uye naSaria uye mukoma mukuru waNifai (1 Ni. 2:5). Ramani kazhinji aisarudza kuita zvaikaipa pane zvakanaka.

Ramani aigunun'unira baba vake, **1 Ni.** 2:11–12. Akapandukira munini'na wake akarurama Nifai, **1 Ni.** 7:6 (3:28–29). Hana kudya muchero wemuti weupenyu muchiratidzo chaRihai, **1 Ni.** 8:35–36. Kutukwa kwakauya pana Ramani nevaimutevera, **2 Ni.** 5:21 (Aru. 3:7).

RAMEUMBUTOMU

MuBhuku raMormoni nzvimbo yekumira yakakwirira nemaZoramu, nemaNifai akarasika (Aru. 31:8–14).

RAMONAI. *Onawo* Amoni,
Mwanakomana waMosaya

MuBhuku raMormoni, mambo wechi-Ramani akatendeutswa neMweya wa-Ishe nemabasa nedzidziso dzakanga dzakafemerwa dzaAmoni (Aru. 17–19).

RANGA. *Ona* Kuranga

RAPA. *Ona* Kurapa

RARA

Kuzorora kunoita munhu asina chaari kuita nechaari kunzwa. Ishe vakaraira vatendi vavo kuti vasarare kupfuuridza zvakafanira (D&Z 88:124). Kurara kungavewo mucherechedzo werufu rwemweya (I VaKori. 11:30; 2 Ni. 1:13) kana kwerufu rwenyama (Morm. 9:13).

RAZARO. *Onawo* Maria weBetania;
Marta

MuTestamente Itsva, hanzvadzi yaMarta naMaria. Jesu akamumutsa kubva kuvakafa (Joh. 11:1–44; 12:1–2, 9–11). Uyu haaziye Razaro mumwecheteo nemupemhi akadzidziswa nezvake naJesu (Ruka 16:19–31).

REA. *Onawo* Jakobo, Mwanakomana
waIsaka; Rabani, Hanzvadzi
yaRebeka

MuTestamente yaKare, mwanasikana mukuru waRabani uye mumwe wevakadzi vaJakobo (Gen. 29). Rea akave amai vevanakomana vatanhatu nemwanasikana mumwechete (Gen. 29:31–35; 30:17–21).

REBEKA. *Onawo* Isaka

Mukadzi waIsaka, tateguru wemu-Testamente yaKare (Gen. 24–27). Rebeka aive amai vaEsau naJakobo (Gen. 25:23–26).

REGERERA. *Onawo* Dzikinura;
Ruregererwo rweZvitadzo;
Reurura, Reururo; Rutendeuko

Sekushandiswa kwazvinoitwa mumagwaro matsvene, kuregerera kazhinji zvinoreva chimwe chezvinhu zviviri:

(1) Kana Mwari vachiregerera vanhu, vanobvisa kana kuisa parutivi kuranga kunenge kuchidiwa kwechitadzo. Kuburikidza nerudzikinuro rwaKristu, ruregerero rwezvitadzo rwunowanika kune vose avo vanotendeuka, kunze kweavo vane mhosva yekuponda kana chitema chisingaregererwe chekutadzira Mweya Mutsvene. (2) Sekuregererana kunenge kuchiiita vanhu, vanobatana nerudo rwunenge rwaKristu uye havana pfungwa dzakaipa kune avo vane nge vavataadzira (Mat. 5:43–45; 6:12–15; Ruka 17:3–4; 1 Ni. 7:19–21).

Ishe vane mwoyo murefu, zve vane tsitsi huru, vachiregerera kuipa nokutadza, **Num.** 14:18. Kana dai zvitadzo zvenyu zvakatsvuka seropa, zvichachena sechando, **Isa.** 1:18. Tiregererei zvitadzo zvedu, sekuregerera kwatinoina vanotitadzira, **Mat.** 6:12 (Ruka 11:4; 3 Ni. 13:11). Mwanakomana wemunhu ane simba rekuregerera zvitadzo, **Mat.** 9:6 (Mat. 18:35; Marko 2:10; Ruka 5:20–24). Kangani kandicha tadzirwa nehama yangu ndiichiregerera? **Mat.** 18:21–22 (D&Z 98:40). Uyo anotuka Mweya Mutsvene haana ruregerero, **Marko** 3:29 (Aru. 39:6). Kana hama yako ikakutadzira uye ikatendeuka, iregerere, **Ruka** 17:3. Baba varegererei, nokuti havazive zvavanoita, **Ruka** 23:34. Namatirai ruregerero, **1 Ni.** 7:21. Zorai ropa rinodzikinura raKristu kuti tigashire ruregerero rwezvitadzo zvedu, **Mosaya** 4:2. Kana akareurura zvitadzo zvake pamberi pako neni, akatendeuka, iyeyo uchamuregerera, **Mosaya** 26:29–31. Uyo anotendeuka achiita mirairo acharegererwa, **D&Z** 1:32. Pinza jeko rako, zvitadzo zvako zvaregererwa, **D&Z** 31:5 (D&Z 84:61). Uyo atendeuka muzvitadzo zvake aregererwa, uye, ini, Ishe, handichazvirangarira, **D&Z** 58:42. Ndicharegerera uyo andicharegerera, asi imi munodiwa kuti muregerere vose vanhu, **D&Z** 64:10. Sekuregererana kwamungaite imi mukutadzirana kwenyu, kana iniwo, Ishe, ndakuregererai, **D&Z** 82:1. Avo vandinoda ndinovaranga wo kuti zvitadzo zvavo zviregererwe,

D&Z 95:1. Ndakuregererai zvitadzo zvenyu, **Mos.** 6:53.

REHOBOAMI. *Onawo* Soromoni

MuTestamente yaKare, mwanakomana waMambo Soromoni. Akagara nzvimbo yababa vake akatonga kwemakore gumi nemanomwe muJerusarema (I Madz. 11:43; 14:21, 31). Munguva yekutonga kwaRehoboami, muumambo hwakanga hwakaganhurwa muumambo hwaIsraeri kuchamhembe neumambo hwaJuda kumaodzanyemba (I Madz. 11:31–36; 12:19–20). Rehoboami aitonga muumambo hwaJuda.

REMUERI. *Onawo* MaRamani; Ramani; Rihai, Baba vaNifai

MuBhuku raMormoni, mwanakomana wechipiri waRihai uye mumwe wevako vaNifai. Akabatana naRamani kurwisana naNifai.

Rihai akaraira Remueri kuti asimbe, senhika, **1 Ni.** 2:10. Akashatirirwa Nifai uye akateerera kuna Ramani, **1 Ni.** 3:28. MaRemueri vakanga vakaiswa muMaRamani, **Jak.** 1:13–14 (Aru. 47:35).

REURURA, REURURO. *Onawo* Regerera; Rutendeuko

Magwaro matsvene anoshandisa *reururo* munzira dzingaita mbiri. Mune imwe pfungwa, kureurura kutaura rutendo rwako mune chimwe chinhu, zvekuti unoreurura kuti Jesu ndiye Kristu (Mat. 10:32; VaR. 10:9; I Joh. 4:1–3; D&Z 88:104).

Mune imwe pfungwa, kureurura kubvuma kuti une mhosva, sezvakaita mukureurura zvitadzo. Ibaso remunhu kureurura zvose zvitadzo zvavo kuna Ishe uye kuti vawane ruregerero rwake (D&Z 58:42–43). Kana zviri zvakafanira, zvitadzo zvakafanira kureururwa kumunhu kana kuvanhu vanenge vatadzirwa. Zvitadzo zvakanyanya zvakafanira kureururwa kune anoshandira Chechi (kazhinji kuna bhishopi).

Achareurura kuti aitadza, **Rev.** 5:5. Vachareurura kuipa kwavo, **Rev.** 26:40–42. Ipai kubwinya kuna Ishe Mwari vaIsraeri, mureurure kwavari, **Josh.** 7:19.

Vanhu vakabhabhatidzwa naye muJordani, vachireurura zvitadzo zvavo, **Mat.** 3:5–6. Mutadzi anoreurura zvitadzo zvake acharegererwa, **Mosaya** 26:29. Reururai zvitadzo zvenyu, nokuti mungangotambudzika nokurangwa, **D&Z** 19:20. Vanotendeuka vanoreurura uye vobva vasiya zvitadzo zvavo, **D&Z** 58:43. Ishe vane tsitsi kune avo vanoreurura zvitadzo zvavo nemwoyo wakapfava, **D&Z** 61:2. Ishe vanoregerera zvitadzo zveavo vanoreurura uye vokumbira kuregererwa, **D&Z** 64:7.

REVI. *Onawo* Israeri; Jakobo, Mwanakomana walsaka

MuTestamente yaKare, mwanakomana waJakobo naRea (Gen. 29:34; 35:23). Revi akave baba werumwe rudzi rweIsraeri.

Rudzi rwaRevi: Jakobo akaropafadza Revi nezvizvarwa zvake (Gen. 49:5–7). Zvizvarwa zvaRevi zvaishumira munzvimbo dzaiyera dzevalsaeri (Num. 1:47–54). Aroni akanga ari muRevi, uye zvizvarwa zvake zvaive vapirisita, (Eks. 6:16–20; 28:1–4; 29). MaRevi vaiyamura vapirisita, vana vaAroni (Num. 3:5–10; I Madz. 8:4). Panedzime nguva vaibata sevaridzi vemihanzhi (I Mak. 15:16; Neh. 11:22); vaiuraya zvipiriso (II Mak. 29:34; Ezra 6:20); nokungoyamurawo mutemberi (Neh. 11:16). MaRevi vakanga vakazvipira mubasa ralshe kuti vaitire zvisungo vana vaIsraeri. MaRevi ivo pachavo vakapirwa panzvimbo vevana vaIsraeri (Num. 8:11–22); naizvozvo vakave pfuma yaMwari iri yega, yaakapiwa munzvimbo yedangwe (Num. 8:16). Havana kugadzwa asi vakacheneserwa basa ravo (Num. 8:7–16). Vakanga vasinga nyika yenhaka muKanani (Num. 18:23–24), asi vaitambira chegumi (Num. 18:21), maguta makumi mana nemasere (Num. 35:6), nemvumo yekutambira mipiro yevanhu panguva dzemabiko (Deut. 12:18–19; 14:27–29).

REVITIKO. *Onawo* Magwaro mashanu emutemo

Bhuku riri muTestamente yaKare

rinotaura nezvebasa rehupirisita mu-Israeli. Rinotsinhira pamusoro pehu-tsvene hwaMwari nechisungo chingarwe nacho nevanhu vake kuti vaite vatsvene. Chinangwa chacho kudzidzisa mirau yehunhu nekunamata kwechokwadi kwemurau waMosesi mutsika. Mosesi ndiye akanyora bhuku raRevitiko.

Zvitsauko 1–7 zvinotsanangura zvitungo zvekupira. Zvitsauko 8–10 zvinotsanangura tsika inotevedzwa pakupira vapisita. Chitsauko 11 chinotsanangura nezvingadyiwe kana kusadyiwa nezvakachena kana zvisina kuchena. Chitsauko 12 chinokurukura nezve-madzimai mushure mekusununguka mwana. Zvitsauko 13–15 mitemo iri maererano nezve mapira ekusachena. Chitsauko 16 chine tsika yakafanira kuteedzwa paZuva reRudzikinuro. Zvitsauko 17–26 zvine chitungo chemitemo inotsanangura nezvekunamata nezvino cherechedzwa pamagariro evanhu. Chitsauko 27 chinotsanangura kuti Ishe vakataurira vaIsrael kuti vapire zvirimwa zvavo, hwai nemo-mbe kuna Ishe.

RIAHONA

MuBhuku raMormoni, chibhora chesimbi chine tsuri mbiri dzaipa nzira—chakaita sechinongedzo—uye-zve nokuraira kwemweya kuna Rihai nevateveri vake pavainge vakarurama. Ishe akapa Riahona uye achiraira kuburikidza nacho.

Rihai akawana chibhora chesimbi chine minogedzo miviri yainongedzera nzira yaifanirwa kuendwa nayo naRihai nemhuri yake, **1 Ni.** 16:10. Chibhora ichi chaishanda maererano nerutendo nekushinga, **1 Ni.** 16:28–29 (Aru. 37:40). Benjamini akapa chibhora kuna Mosaya, **Mosaya** 1:16. Chibhora ichi kana chinongedzo ichi chainzi Riahona, **Aru.** 37:38. Riahona yaifananidzwa neshoko raKristu, **Aru.** 37:43–45. Vapupuri vatatu veBhuku raMormoni vakafanira kuona chinongedzo chichipiwa kuna Rihai, **D&Z** 17:1.

RIGDON, SIDNEY

Mumwe akatanga kutendeuka nemutungamiri muChechi kuma 1830 nemutunganga kwema1840. Sidney Rigdon akashanda kwenguva ari MuBtsiri weKutanga kuna Joseph Smith muMutevedzeri hweKutanga hweChechi (**D&Z** 35; 58:50, 57; 63:55–56; 76:11–12, 19–23; 90:6; 93:44; 100:9–11; 124:126). Mushure akadzokera shure akarasika kubva pakutenda akabviswa muChechi muna Gunyana 1844.

RIHAI, BABA VANIFAI

MuBhuku raMormoni, muporofita wechiHeberu akatungamirira mhuri yake nevateveri vake kubva kuJerusarema kuenda kunyika yechipikirwa nechekuchamhembe kuna ana 600 Kristu asati azvarwa. Rihai ndiye aive muporofita wekutanga pakati pevvanhu vake muBhuku raMormoni.

Rihai akatiza Jerusarema nemhuri yake arairwa naIshe (**1 Ni.** 2:1–4). Aive chizvarwa chaJosefa, akatengeswa kuEgipita (**1 Ni.** 5:14). Ishe vakamupa chiratidzo chemuti weupenyu (**1 Ni.** 8:2–35). Rihai nevanakomana vake vakavaka ngarava uye vakaenda nechekumadokero (**1 Ni.** 17–18). Iye nezvizvarwa zvake vakave vakagara munyika itsva (**1 Ni.** 18:23–25). Asati afa, Rihai akarapafadza vanakomana vake uye akavadzidzisa nezvaKristu, nokuuya kweBhuku raMormoni mumazuva ekupedzisira (**2 Ni.** 1–3, 4:1–12).

Bhuku raRihai: Joseph Smith akatanga nebhuku raRihai paakanga achiturikira Bhuku raMormoni. Zvaive zvinyorwa muchidimbu kubva mumahwendefa aRihai. Mushure mekunge ave nemapeji 116 ezvinyorwa zvaakanga aturikira kubva muBhuku iri, Joseph akapa zvinyorwa izvi kuna Martin Harris, uyo akanga amboshandira Joseph kwechinguva chipfupi semunyori mukuturikirwa kweBhuku raMormoni. Mapeji iwaya akabva arasika. Joseph haana kuturikira zvakare bhuku raRihai kutsiva zvinyorwa zvakanga zvarasika asi kunze kwaizvozvo akaturikira

zvimwe zvakatsamirana naizvozvo kubva kumahwendefa egoridhe (tarisai misumo kuD&Z 3, 10). Izvi zvimwe zvinyorwa ndizvo zvave mabhuku eku-tanga matanhatu eBhuku raMormoni.

RIHAI, MUNIFAI AIVE MUKURU WEMAUTO

MuBhuku raMormoni, muNifai aive mukuru wemauto (Aru. 43:35–53; 49:16–17; 52:27–36; 53:2; 61:15–21).

RIHAI, MUNIFAI AIVE

MUSHUMIRI. *Onawo* Hiramani, Mwanakomana waHiramani

MuBhuku raMormoni, mwanakomana waHiramani, aive mwanakomana waHiramani. Rihai aive mushumiri mukuru (Hir. 3:21; 4:14).

Akadaidzwa kunzi Rihai kuti ayeuchidzwe nezvatateguru wake, **Hir.** 5:4–6. NaNifai vakadzora vazhinji, akaiswa mutirongo, akakomberedzwa nemoto, uye akataura nengirozi, **Hir.** 5:14–48. Aitambira zvakazarurwa zvakawanda zuva nezuva, **Hir.** 11:23.

RIMA RECHEKUNZE. *Ona* Gehena

RIMA, REKUNZE. *Ona* Dhiabhorosi; Gehena; Rufu, rwemweya; Vanakomana vekuraswa

RIMA, ZVEMWEYA. *Onawo* Akaipa

Kuipa kana kusaziva kwezvinhu zvemweya.

Nhamo kwavari vanoisa rima muchiedza, **Isa.** 5:20 (2 Ni. 15:20). Rima richaputira pasi, uye huwandu hwerima kuvanhu, **Isa.** 60:2. Jesu achapa chiedza kune avo vanogara murima, **Ruka** 1:79. Chiedza chinopenya murima, uye rima harichinzwise, **Joh.** 1:5 (D&Z 45:7). Rasai mabasa erima uye pfekai nguwo dzhondo dzechiedza, **VaR.** 13:12. Musawadzane nevane mabasa erima asina zvizereko, **VaE.** 5:8–11. Nokuti hamukumbire, hamuunzwe muchiyedza asi makafanira kuparara muri murima, **2 Ni.** 32:4. Satani anoparadzira mabasa erima, **Hir.** 6:28–31. Masimba erima

anogombedzera panyika, **D&Z** 38:8, 11–12. Yose nyika inogomera pasi perima nechivi, **D&Z** 84:49–54. Kana ziso rako rakatarisa mukubwinya kwangu chete, hamuzove nerima mauri, **D&Z** 88:67. Mabasa erima akatanga kugombedzera pakati pevanakomana vose vevanhu, **Mos.** 5:55.

RIMUHAI. *Onawo* Noa, Mwanakomana waZenifi

MuBhuku raMormoni, mambo akarurama wema Nifai munyika yaNifai; aive mwanakomana waMambo Noa (Mosaya 7:7–9). Mambo Rimuhai akapinda muchitenderano chekushandira Mwari (Mosaya 21:32). Akatungamirira vanhu vake kubva muhusungwa hwema Ramani uye akadzokera kuZarahemura (Mosaya 22).

RINDA. *Ona* Murindiriri

ROMA. *Onawo* Ushe hwemaRoma

MuTestamente Itsva, guta remuzinda weUshe hwemaRoma, riri paRwizi rweTiber multaria (Mabasa 18:2; 19:21; 23:11). Pauro akadzidzisa vhangeri muRoma paaive musungwa wehurumende yemaRoma (VaR. 1:7, 15–16; Mabasa 28:14–31).

ROORA. *Ona* Kuroora

ROORANO YEMUTEMBERI. *Ona* Kuroora

ROPA. *Onawo* Dzikinura; Jesu Kristu; Kupira

Raitariswa nemaIsraeri epasichigare nendudzi dzakasiyana-siyana sedura reupenyu kana kuti simba rinokosha kune zvenyama zvose. Munguva dzeTestamente yaKare Ishe vairambidza Israeri kudya ropa sechekudya (Rev. 3:17; 7:26–27; 17:10–14).

Simba rokudzikinura riri mumupiro raive muropa nokuti ropa raitariswa sechinhu chaikosha kuti upenyu huvepo. Mupiro wemhuka muTestamente yaKare waive chiratidzo chemupiro chikuru chakazoitwa pemberi najesu Kristu (Rev. 17:11; Mos. 5:5–7). Jesu

Kristu ropa rake rerudzikinuro rino-shambidza anotendeuka kubva mu-chitadzo (I Joh. 1:7).

Dikita rake rakaita semadohwe maku-ru eropa, **Ruka** 22:44. Chakakwaniswa nekudeuka kweropa raKristu, **VaH.** 10:1–22. Ropa rakabuda kubva muburi rose remuviri, **Mosaya** 3:7 (D&Z 19:18). Ropa raIshe rakadeurirwa kuripira zvitadzo, **D&Z** 27:2. Jesu akaunza rudzikinuro rwakakwana kuburikidza nokudeurwa kweropa rake, **D&Z** 76:69. Neropa makakwaniswa, **Mos.** 6:60.

ROPAFADZA, ROPAFADZO. *Ona*
Kuropafadzwa

ROTI. *Onawo* Abrahamama

MuTestamente yaKare, mwanakomana waHarani uye muzukuru waAbrahamama (Gen. 11:27, 31; Abr. 2:4). Harani akafa pamusana penzara yaive muUri (Abr. 2:1). Roti akasiya Uri aina Abrahamama naSara uye akafamba navo kuenda ku-Kanani (Gen. 12:4–5). Roti akasarudza kugara muSodoma. Ishe vakatumira vatumwa kuti vanoyambira Roti kuti atize kubva muSodoma Ishe vasati vaiparadza pamusana pehuipi kwevanhu (Gen. 13:8–13; 19:1, 13, 15); zvisinei, mukadzi waRoti akacheuka akaona kuparadzwa uye akabva ave shongwe yemunyu (Gen. 19:26). Testamente Itsva ine zvinotaura nezvaRoti (Ruka 17:29; II Pet. 2:6–7). Upenyu hwake mushure mekuparadzana naAbrahamama hunotsa-nangurwa munaGen. 13, 14, na19.

RUBATSIRO. *Onawo* Rudo;
Ruyamuro

Kuchengetwa kunopiwa kana basa rinoitirwa Mwari nevamwe. Mukushandira kwatinenge tichiitira vamwe, tinoshandirawo Mwari.

Sarudzai zuva ranhasi amunoda kushandira, **Josh.** 24:15. Sekuita kwamunenge maitira mudiki-diki weava, munenge maitira ini, **Mat.** 25:35–45. Ipai miviri yenyu semupiro mupenyu, kunove ndiko kushandira kwenyu kwakakodzera, **VaR.** 12:1. Nerudo shandiranai, **VaG.** 5:13. Mazuva enyu achapedzerwa

mukushandira Mwari venyu, **2 Ni.** 2:3. Kana muri mukushandira vamwe venyu muri mukushandirawo Mwari venyu, **Mosaya** 2:17. Avo vanotora nyika yechivimbiso vakafanira kushandira Mwari kana kuti vanotsvairirwa uko, **Eta** 2:8–12. Avo vanoenda mukushandira Mwari vakafanira kushanda nemwoyo yavo yose, **D&Z** 4:2. Ishe vakapa mirairo kuti marudzi evanhu amude uye amushandire, **D&Z** 20:18–19. Muzita rajesu Kristu muchashandira Mwari, **D&Z** 59:5. Ini, Ishe, ndinofarira kukudza avo vanondishandira, **D&Z** 76:5. Namatai Mwari, nokuti iyo chete ndivo vamuchashandira, **Mos.** 1:15.

RUBENI. *Onawo* Israeri; Jakobo,
Mwanakomana walsaka

MuTestamente yaKare, mwanakomana mukuru waJakobo naRea (Gen. 29:32; 37:21–22, 29; 42:22, 37). Kana dai zvazvo Rubeni aive dangwe, akarasikirwa neudangwe hwake pamusana pechitadzo (Gen. 35:22; 49:3–4).

Rudzi rwaRubeni: Ropafadzo raJakobo kuna Rubeni rinowanikwa muna Genesi 49:3 nekuna Deutoronomio 33:6. Uwandu hwerudzi hwakaderera zvisihoma nezvisihoma, uye kana dai zvazvo rudzi rwakaramba rwuripo, rwakashaya kukosha munyaya dzenyika. Udagwe hwaRubeni hwakaenda kuna Josefa nevanakomana vake nokuti Josefa aive dangwe remukadzi waJakobo wechipiri, Rakeri (I Mak. 5:1–2).

RUBHABHATIDZO. *Ona*
Bhabhatidza

RUBHABHATIDZO RWEPWERE.

Onawo Bhabhatidza—Rubhabhatidzo harwusi rwevacheche;
Kudavira; Ruponeso—Ruponeso rwevana; Vana

Kuita kusingadiwe kwekubhabhatidza vacheche nevana vari pasi pezera rekuzvipindurira, rinove makore matseere ekukura. Ishe vanoshora rubhabhatidzo rwepwere (Moro. 8:10–21). Vana vanoberekwa vasina chavanozi-

va vasina chitadzo. Satani haana simba rekuedza vana kudakara vatanga kuve vave kuzvipindurira (D&Z 29:46–47) saka havana chavanodira kuti vatenduke kana kubhabhatidzwa. Vana vakafanira kubhabhatidzwa vave nemakore masere (D&Z 68:25–27).

RUCHIVA. *Onawo* Kufadza nyama

Kuve nekuda kuwana chimwe chinhu zvisinakururama.

Usachive runako rwake mumwoyo mako, **Zir.** 6:25. Uyo wose anotarisa mukadzi achimuitira ruchiva atoita hupombwe, **Mat.** 5:28 (3 Ni. 12:28). Vanhu vakatsva mukuchivana kwavo, **VaR.** 1:27. Sekuchiva kwavo vachazvinganidzira vadzidzisi, **II Tim.** 4:3–4. Rabhani akaona pfuma yedu akaitira ruchiva, **1 Ni.** 3:25. Musaende zvakare muchitevera ruchiva rwemaziso enyu, **Aru.** 39:3–4, 9. Uyo anotarisa pamukadzi achimuitira ruchiva acharamba rutendo, **D&Z** 42:23. Regai zvose zvamunoda zveruchiva, **D&Z** 88:121.

RUDAIRO. *Ona* Daira

RUDO. *Onawo* Kunzwa Tsitsi; Rudo rwakadzama; Ruvengo

Kuperera nerudo rwakadzama. Kuda Mwari kunosanganisawo kuperera, kuyemura, rukudzo, kunyorova, tsitsi, kuregerera, ngoni, nyasha, kushanda, kutenda, mutsa. Mufananidzo mukuru kupfuura yose werudo rwaMwari kuvana vavo unowanikwa murudzikinuro rwusingaverengeke rwajesu Kristu.

Uchada muvakidzani wako sekuzvida kwaunoita, **Rev.** 19:18 (Mat. 5:43–44; Mat. 22:37–40; VaR. 13:9; VaG. 5:14; Jkb. 2:8; Mosaya 23:15; D&Z 59:6). Uchada Ishe Mwari vako nemwoyo wako wose, **Deut.** 6:5 (Moro. 10:32; D&Z 59:5). Ishe Mwari venyu vachakuedzai, kuti vazive kuti munoda Ishe Mwari venyu, **Deut.** 13:3. Uyo Ishe wavanoda vanomutsiura, **Zir.** 3:12. Shamwari ine rudo panguva dzose, **Zir.** 17:17. Mwari vakada nyika kwazvo, zvekuti vakapa Mwanakomana wavo mumwechete akaberekwa, **Joh.** 3:16 (D&Z 138:3).

Dananai; sekukudai kwandakuitai, **Joh.** 13:34 (Joh. 15:12, 17; Mos. 7:33). Kana muchindida, chengetai mirairo yangu, **Joh.** 14:15 (D&Z 42:29). Haku na munhu anerudo rwungapfuure urwu, kuti munhu anoradzika upenyu hwake kuitira shamwari dzake, **Joh.** 15:13. Petro, unondida here kupfuura ava? Fudzai hwai dzangu, **Joh.** 21:15–17. Hapana chichatiparadzanisa kubva murudo rwaMwari munaKristu, **VaR.** 8:35–39. Ziso harisati raona zvinhu izvo Mwari zvavakagadzirira avo vanovada, **I VaKori.** 2:9. Nerudo shandirana, **VaG.** 5:13. Varume, idai vakadzi venyu, **VaE.** 5:25 (VaKoro. 3:19). Musade nyika, **I Joh.** 2:15. Mwari rudo, **I Joh.** 4:8. Tinomuda, pamusana pekuti akatanga kutida, **I Joh.** 4:19. Kristu anotambudzika pamusana perudo nemutsa wake kuvanhu, **1 Ni.** 19:9. Endai mberi nerudo rwaMwari nevvanhu vose, **2 Ni.** 31:20. Munofanira kudzidzisa vana venyu kudanana uye nokushandirana, **Mosaya** 4:15. Kana makambonzwa kuda kuimba rwiyo rwerudo rworununuro, muchiri kuzvinzwa saizvozvo here iyezvino? **Aru.** 5:26. Tungamirwai neMweya Mutsvene, muchive vane mwoyo murefu, muzere nerudo, **Aru.** 13:28. Dzorai kunzwa kwenyama kwenyu kwose, kuti muzadzwe nerudo, **Aru.** 38:12. Pakanga pasina kupokana pamusana perudo rwaMwari rwaigara mumwoyo yevanhu, **4 Ni.** 1:15. Chose chinokwera kuda Mwari chakafemerwa naMwari, **Moro.** 7:13–16. Rudo rwakadzama ndirwo rudo rwakachena rwaKristu, **Moro.** 7:47. Rudo rwakakwana rwunodzanga kutya, **Moro.** 8:16 (I Joh. 4:18). Rudo rwunokodzera vanhu kuita basa raMwari, **D&Z** 4:5 (D&Z 12:8). Kucheneswa kunouya kune avo vose vanoda uye nokushandira Mwari, **D&Z** 20:31. Kana muchindida, ndishandirei uye muchengete mirairo yangu, **D&Z** 42:29 (Joh. 14:15). Ratidzai kupamhizirwa kwerudo kune avo vamunogadzirisa kana kutsiura, **D&Z** 121:43. Vanhu vakada Satani kupfuura Mwari, **Mos.** 5:13, 18, 28.

RUDO RWAKADZAMA. *Onawo*
Kunzwa tsitsi; Rubatsiro; Rudo;
Ruyamuro

Rudo rwakachena rwaKristu (Moro. 7:47); rudo urwo rwunaKristu kuvana vevanhu uye rwunodiwa kuti vana vevanhu vave narwo kune mumwe nemumwe (2 Ni. 26:30; 33:7–9; Eta 12:33–34); rwuri pamusoro-soro, rwunokudzwa, rudzi rwerudo rwakasimbisisa, kwete chido chete.

Ruzivo rwunofundumadzisa, asi rudo rwunosimudzira, **I VaKori.** 8:1. Rudo rwakadzama, rudo rwakachena rwunokunda uye rwugopfuura zvose zvazvo, **I VaKori.** 13. Kupedzisira kwemurairo rudo rwunobva mumwoyo rwakachena, **I Tim.** 1:5. Pamhidzira nyasha khama nerudo runenyasha, **II Pet.** 1:7. Ishe vakataura kuti wose munhu anofanira kuve nerudo, **2 Ni.** 26:30 (Moro. 7:44–47). Onai kuti mune rutendo, tariro, nerudo rwakadzama, **Aru.** 7:24. Rudo urwo Ishe vanarwo kuvanhu rudo rwakadzama, **Eta** 12:33–34. Pasina rudo rwakadzama vanhu havangakwanise kugara nhaka yenzvimbo iya yakagadzirwa mumizinda yaBaba, **Eta** 12:34 (Moro. 10:20–21). Moronai akanyora mazwi a Mormoni ari maererano nerutendo, tariro, nerudo, **Moro.** 7. Rudo rwunoiwa kuti munhu akodzerebasa ra-Ishe, **D&Z** 4:5–6 (D&Z 12:8). Zvipfikedzei nechisungo cherudo rwakadzama, **D&Z** 88:125. Itai kuti hura hwenyu huzare nerudo rwakadzama, **D&Z** 121:45.

RUDZIKINURO. *Ona* Dzikinura

RUERI. *Ona* Jetero

RUFARO. *Onawo* Anoteerera

Chinhano chemufaro mukuru chinobva mukugara zvakarurama. Chinangwa cheupenyu hwenyama kuti vanhu vose vave nemufaro (2 Ni. 2:22–25). Rufaro ruzere rwunouya chete nekuna Jesu Kristu (Joh. 15:11; D&Z 93:33–34; 101:36).

Vakapfava vachapamhidzirawo rufaro rwawo muna Ishe, **Isa.** 29:19 (2 Ni. 27:30). Ndinokuunzirai zvinhu zvaka-

naka zverufaro rukuru, **Ruka** 2:10. Rufaro rwenyu hakuna munhu anorwutora kwamuri, **Joh.** 16:22. Muchero weMweya rudo, rufaro, runyararo, **VaG.** 5:22. Muchero iwoyo wakadzama mweya wangu nerufaro rwakanyanya, **1 Ni.** 8:12. Vanhu varipo kuti vavane rufaro, **2 Ni.** 2:25. Rufaro wevakarurama rwuchazara narinhi narinhi, **2 Ni.** 9:18. Vangangogara naMwari mukufara kusingapere, **Mosaya** 2:41. Ndichasiya zvose zvandinazvo kuti ndigashire rufaro rukuru urwu, **Aru.** 22:15. Zvimwe ndingangowe mudziyo mumaoko aMwari wekuunza mumwe mweya mukutendeuka, uye uyu ndiwo mufaro wangu, **Aru.** 29:9. Mufaro here, nechiedza chinoshamisa sei chandakaona, **Aru.** 36:20. Mweya wangu uchazadza mweya wako nerufaro, **D&Z** 11:13. Kufara kwako kuchakura sei naye muumambo hwaBaba vangu, **D&Z** 18:15–16. Munyika muno rufaro rwako haruna kuzara, asi mandiri mufaro wako uzere, **D&Z** 101:36. Muupenyu huno ndichave nerufaro, **Mos.** 5:10–11.

RUFU, RWECHIPIRI. *Ona* Rufu,
rwemweya

RUFU, RWE MWEYA. *Onawo*

Dhiabhorosi; Kupunzika
kwaAdama naEva; Kuraswa;
Gehena; Ruponeso; Vanakomana
vekuraswa

Kutsaukaniswa kubva kuna Mwari nekutungamirwa naye; kufa kuzvinhu zviri maererano nokururama. Rusifa nechikamu chimwe muzvitatatu chevanhu vekudenga vakafa rufu rwemweya apo pavakatandaniwa kubva kudenga (D&Z 29:36–37).

Rufu rwemweya rwakauiswa munyika nokupunzika kwaAdama (Mosaya 6:48). Vanhu vane pfungwa dzakaipa, mazwi, nemabasa vakafa mumweya vachiri vapenyu pano pasi (I Tim. 5:6). Kuburikidza nerudzikinuro rwajesu Kristu nokuteerera zvirongwa nezvisungo zvevhangeri, varume nevakadzi vanogona kuve vakachena kubva muzvitadzo vokunda rufu rwemweya.

Rufu rwemweya rwunovepo rwuchitevera rufu rwemuviri wenyama. Vose vanhu vakamuka mukufa nadhi-abhorosi nengirozi dzake vachatongwa. Avo vakapandukira chiedza necho-kwadi chevhangeri nekuda vachafa rufu rwemweya. Rufu urwu rwunowanzoni rufu rwechipiri (Aru. 12:16; Hir. 14:16–19; D&Z 76:36–38).

Vaiti vezvakaipa vachadimburwa zvachose, **Mpi.** 37:9. Kuve nepfungwa dzehumhuka rufu, **VaR.** 8:6 (2 Ni. 9:39). Kuchiva kunonyudza vanhu mukuparadzwa nokuraswa, **I Tim.** 6:9. Chitadzo chinounza rufu, **Jkb.** 1:15. Uyo anokunda haazokuvadza nerufu rwechipiri, **Zvaka.** 2:11. Pane vakadaro rufu rwechipiri haruna simba, **Zvaka.** 20:6, 12–14. Vakaipa vachave nenzvimbo yavo munyanza inobvira nemoto nemabwe; rwunove rufu rwechipiri, **Zvaka.** 21:8 (D&Z 63:17–18). Vanhu vakasununguka kusarudza rusununguko neupenyu hwokusingaperi kana kusarudza hunhapwa nerufu, **2 Ni.** 2:27 (2 Ni. 10:23; Aru. 29:5; Hir. 14:30–31). Mwari akagadzira nzira yekuti tipunyuke kubva murufu negehena, **2 Ni.** 9:10. Zvisunungurei kubva kuzvirwado zvegehena kuti masazotambudzwa nerufu rwechipiri, **Jak.** 3:11. Munhu wenyama muvengi waMwari, **Mosaya** 3:19. Dai Ishe vakupaiwo rutendeuko kuti musazofa rufu rwechipiri, **Aru.** 13:30. Aruma akanga akatenderedzwa necheni dzekusingaperi dzerufu, **Aru.** 36:18. Vakaipa vanofa kuzvinhu zviri maererano nokururama, **Aru.** 40:26 (Aru. 12:16). Kupunzika kwakaunza kurudzi rwevanhu rwose kufa kwemweya, **Aru.** 42:9 (Hir. 14:16–18). Pakapunzika Adama, akabva afa pamweya, **D&Z** 29:40–41, 44.

RUFU, RWENYAMA. *Onawo*

Kumuka kuvakafa; Kupunzika kwaAdama naEva; Ruponeso; Upenyu hwenyama

Kupatsanurana kwemuviri nemweya. Kupunzika kwakaunza kufa nerufu kunyika (2 Ni. 2:22; Mos. 6:48). Rudzikinuro rwaJesu Kristu rwakakunda rufu

kuti wose-wose agomuka kuvakafa (I VaKori. 15:21–23). Kumuka kuvakafa chipo kuvanhu vose pasina kuti vaita zvakanaka kana zvakaipa muupenyu huno (Aru. 11:42–44). Munhu ega-ega anotambudzwa nekufa rufu rwenyama rwumwechete-chete sezvo shure kwekumutswa kuvakafa kamwechete, miviri haigone kufa zvakare (Aru. 11:45).

Yose nyama ichafa, uye munhu achadzokera zvakare kuhuruva, **Jobo** 34:15. Chinokosha mumaziso maIshe rufu rwevatendi vavo, **Mpi.** 116:15. Guruva richadzokera kuvhu, uye mweya uchadzokera kuna Mwari, **Mpa.** 12:7. Nemunhu rwakauya rufu, **I VaKori.** 15:21. Mununuri akabata kiya dzegehena uye nerufu, **Zvaka.** 1:18. Hakuchazove nerufu zvakare, kana kusuwa, **Zvaka.** 21:4. Rufu rwapfuura pane wose munhu, **2 Ni.** 9:6, 11 (Aru. 12:24). Havana kumbotarisa rufu nekutya, **Aru.** 27:28. Aruma akatsanangura nzvimbo yemweya pakati perufu nokumuka kuvakafa, **Aru.** 40:11. Avo vanofa mandiri havazoraira rufu, **D&Z** 42:46. Avo vasinga kusarudzirwa kufa vacharapwa, **D&Z** 42:48. Ndichakuyedzai muzvinhu zvose kana kusvika kurufu, **D&Z** 98:14. Kuguruya muchadzokera, **Mos.** 4:25. Adama akapunzika, uye nekupunzika kwake kwakauya rufu, **Mos.** 6:48.

RUKA. *Onawo* Mabasa aVaapositori; Mabhuku evhangeri

Munyori weVhangeri raRuka nebhuku reMabasa eVaapositori muTestamente Itsva nemumwe waPauro mukushumira. Akaberekwa nevabereki vechiGiriki uye akanga ari chiremba (VaKoro. 4:14). Ruka akanga akadzidza chaizvo. Akazvitaure semufambidzani weMuapositori Pauro paakabatana naPauro paTroa (Mabasa 16:10–11). Ruka akanga aina Paurowo kuFiripo parwendo rwaPauro rwekupedzisira kuJerusarema (Mabasa 20:6), uye vari vaviri vakanga vari pamwechete kudakara kusvika kwavo muRoma. Ruka akanga aina Pauro zvakare pangauya yaakaiswa mutirongo kechipiri muRoma (II Tim. 4:11). Tsika inoti akafa achiurairwa vhangeri.

Vhangeri raRuka: Tsananguro yaRuka yaakanyora pamusoro paJesu Kristu nekushumira kwake panyama. Bhuku reMabasa eVaapositori kuenderera mberi kweVhangeri raRuka. Ruka akasiya tsananguro yakanyorwa zvakanaka yehushumiri hwaJesu, achiratidza Jesu seMuponesi wevose MaJuda nemaJentairi. Akanyora zvakananda nezve dzidziso dzaJesu nekuita kwake. Muna Ruka ndimo matinowana chete tsananguro dzekushanya kwaGabrieri kuna Zakaria naMaria (Ruka 1); kushanya kwevafudzi kurusvava Jesu (Ruka 2:8-18); Jesu mutemberi aine makore gumi nemaviri (Ruka 2:41-52); Vane makumi manomwe vanopiwa basa vagotumwa (Ruka 10:1-24); Jesu anodikitira ropa (Ruka 22:44); hurukuro yaJesu nembavha pamuchinjikwa (Ruka 23:39-43); uye Jesu achidya hove nehuchi mushure mekumuka muvakafa kwake (Ruka 24:42-43).

Kuona tsananguro yezvitsauko, ona *Vhangeri*.

RUKUDZO. *Onawo* Ruremekedzo

Rinoshandiswa kazhinji mumagwaro matsvene, kuratidza rukudzo nokuremekedza kune mumwe munhu kana chimwe chinhu.

Kudzai baba venyu namai venyu, **Eks.** 20:12 (1 Ni. 17:55; Mos. 13:20). Kudzai Ishe nezvamuinazvo, **Zir.** 3:9. Kana upi zvake munhu akandishandira, iyeyo Baba vangu vachamukudza, **Joh.** 12:26. Varume vakafanira kupa rukudzo kuvakadzi vavo, **I Pet.** 3:7. Nemiromo yavo chete vanokudza Ishe, **2 Ni.** 27:25 (Isa. 29:13). Handitsvake rukudzo rwenyika, **Aru.** 60:36. Dhiabhorosi akan dipandukira, achiti, Ndipei rukudzo rwenyu, rwuri simba rangu, **D&Z** 29:36. Vakatendeka vachashongedzwa nerukudzo, **D&Z** 75:5 (D&Z 124:55). Ishe vanofadzwa nokukudza avo vanova shandira, **D&Z** 76:5. Havasarudzwe pamusana pekuti vanokarira rukudzo rwevanhu, **D&Z** 121:34-35. Tinodaira mukudza nokutsigira murau, **Mis. yeCh.** 1:12 (D&Z 134:6).

RUKUNI RWAJOSEFA. *Ona*

Efraimi—Rukuni rwaEfraimi kana Josefa

RUKUNI RWAJUDA. *Ona* Juda—

Rukuni rwaJuda

RUKUNI RWEFRAIMI. *Ona*

Efraimi—Rukuni rwaEfraimi kana Josefa

RUNATSO. *Ona* Natsa

RUNUNURO. *Ona* Akanunurwa

RUNUNURO, URONGWA HWE.

Ona Hurongwa hwerununuro

RUNYARARO. *Onawo* Mereniamu;

Munyaradzi; Zororo

Mumagwaro matsvene, runyararo rwunogona kureva rusununguko kana kurwisana nezhongazhongana kana kuti kugadzikana kwemukati nokunyaradzwa kunoberekwa noMweya uyo Mwari wavanopa kuVatendi vavo vanovimbika.

Rusununguko kubva mukurwisana nezhongazhongana. Anoita kuti hondo dzipere, **Mpi.** 46:9. Havazofa vakadzidza nezvehondo nariinhi, **Isa.** 2:4. Garai murunyararo nevanhu vose; musadzorere imi pachenyu, **VaR.** 12:18-21. Makange muchine runyararo munyika, **4 Ni.** 1:4, 15-20. Rambai hondo mudaidzire runyararo, **D&Z** 98:16. Simudzai mu-reza werunyararo, **D&Z** 105:39.

Runyararo kubva kuna Mwari kune vano-teerera. Muponesi achadaidzwa kunzi Jinda reRunyararo, **Isa.** 9:6. Hakuna runyararo kuna vakaipe, **Isa.** 48:22. Kwaive nemhomho yedenga, yairumbidza Mwari ichiti, Mbiri kuna Mwari vri kumusoro-soro, nerunyararo panyika, **Ruka** 2:13-14. Runyararo ndinokusii-rai, **Joh.** 14:27. Runyararo rwaMwari rwunopfura pfungwa dzose, **VaF.** 4:7. Vanhu vaMambo Benjamini vakatambira runyararo rwemwoyo, **Mosaya** 4:3. Dzakanaka sei pamakomo tsoka dzeavo vanoshambadza runyararo, **Mosaya** 15:14-18 (Isa. 52:7). Aruma akachema

kuna Ishe akawana runyararo, **Aru.** 38:8. Mweya yevakarurama inotambirwa muchinhanu cherunyararo, **Aru.** 40:12. Handina kutaura runyararo here kupfungwa dzako pamusoro penyaya iyi? **D&Z** 6:23. Famba uri mukutyoka kweMweya wangu, uchawana runyararo mandiri, **D&Z** 19:23. Uyo anoita mabasa ekururama achagashira runyararo, **D&Z** 59:23. Zvipfekedzei nechisungo cherudo, chinove ndicho chisungo chekukwana nerunyararo, **D&Z** 88:125. Mwanakomana wangu, runyararo ngarwuve mumweya wako, **D&Z** 121:7. Ndaona kuti kune runyararo rwakapfurikidza, ndakatsvaka makomborero emadzibaba, **Abr.** 1:2.

RUNYEREKUPE. *Onawo* Kutaura zvakaipa; Makuhwa

Satani anoparadzira runyerekupe nekupesana—dzimwe nguva zvichibva pachokwadi chisina kukwana—kuti apindutse vanhu kuvabvisa kuna Mwari nezvose zvakanaka (**Hir.** 16:22; **Nh—JS** 1:1). Chimwe chezviratidzo zvekuuya kwechipiri kwaJesu Kristu ndechekuti vanhu vachataura nezvehondo nerunyerekupe rwehondo (**Mat.** 24:6; **D&Z** 45:26; **JS—Mat.** 1:23).

RUPONESO. *Onawo* Akanunurwa; Dzikinura; Hurongwa hwerununuro; Jesu Kristu; Nyasha; Rufu, rwemweya; Rufu, rwenyama; Rusimudzirwo

Kuponeswa kubva mukufa kwose kwenyama nekemweya. Vose vanhu vachaponeswa kubva murufu rwenyama nenyasha dzaMwari, kuburikidza nekufa nekumuka kuvakafa kwaJesu Kristu. Munhu ega-ega anogonawo kuponeswa kubva murufu rwemweya nenyasha dzaMwariwo, kuburikidza nerutendo muna Jesu Kristu. Rutendo urwu rwunoonekwa muupenyu hwekuteerera kumitemo nezvisungo zvehangeri nokushandira Kristu.

Ishe ndivo chiedza changu neruponeso rwangu, **Mpi.** 27:1. Iye chete ndivo dombo rangu neruponeso rwangu,

Mpi. 62:2. Vhangeri isimba raMwari kuruponeso, **VaR.** 1:16 (**D&Z** 68:4). Shandirai ruponeso rwenyu nekutya, **VaF.** 2:12. Mwari vakakusarudzai kuruponeso kuburikidza nokutsvindiswa, **2 VaT.** 2:13. Ruponeso nderwepachena, **2 Ni.** 2:4. Hakuna chipo chakakura kupfuura chipo cheruponeso, **D&Z** 6:13. Jesu Kristu ndiro zita chete richa-uya neruponeso, **Mos.** 6:52 (**Mabasa** 4:10–12). Tinodaira kuti kuburikidza neRudzikinuro rwaKristu, ose marudzi angangoponeswa, **Mis. yeCh.** 1:3

Ruponeso rwevana: Kunze kwekunge mave sevana vadiki, hamungapinde muumambo hwekudenga, **Mat.** 18:3. Vana vadiki naivowo vane upenyu hwokusingaperi, **Mosaya** 15:25. Rubhabhatidzo rwevana vadiki chinyangadzo, uye vana vadiki vapenyu munaKristu pamusana peRudzikinuro, **Moro.** 8:8–24. Vana vadiki vanonunurwa kuburikidza nemune Mumwechete Akaberekwa; Satani haakwanise kuvadza, **D&Z** 29:46–47. Vana vanodzidziswa vhangeri vagobhabhatidzwa kana vave nemakore masere, **D&Z** 68:25–28. Vana vadiki vanotsveneswa kuburikidza nemuna Jesu Kristu, **D&Z** 74:7. Vanhu vanove zvakare, muhucheche hwavo, vasina mhosva, **D&Z** 93:38. Vose vana vanofa vasati vasvika zera rekuzvipindurira vanoponeswa muumambo hweseresitiyaro, **D&Z** 137:10. Vana vakakwana kubvira mukutanga kwenyika, **Mos.** 6:54.

RUPONESO, HURONGWA HWE.

Ona Hurongwa hwerununuro

RUPONESO RWEVAKAFA. *Onawo* Bhuku rendangari; Hurongwa hwerununuro; Nhorooondo yezvizvarwa; Ruponeso

Mukana weavo vakafa vasina kugashira zvisungo zvinoponesa zvehangeri kuti zvisungo izvi vazviitirwe mumatemberi nenhengo dzichirikurarama dzakakodzera dzeChechi Vakafa vanodzidziswa vhangeri munyika yemweya vangangogashira zvisungo zvavanoitirwa muupenyu huno.

Nhengo dzeChechi dzakatendeka dzinotsvaga nokugadzira nhoroondo dzemhuri kuti vazive mazita nemazuva ekuzvarwa kwemadzitateguru vagono kuitirwa zvisungo zvinoponesa.

Taurai kuvasungwa, Endai, **Isa.** 49:9 (Isa. 24:22; 1 Ni. 21:9). Daidzirai rusununguko kuvasungwa, **Isa.** 61:1 (Ruka 4:18). Achatendeudzira mwoyo wemadzibaba kuvana, **Mar.** 4:5–6 (3 Ni. 25:5–6; D&Z 110:13–16). Vakafa vachanzwa izwi reMwanakomana waMwari, **Joh.** 5:25. Ko zvino vanobhabhatidzirirwei vakafa? **I VaKori.** 15:29. Kristu akaparidza kumweya mutirongo, **I Pet.** 3:18–20. Nechikonzero ichi vhangeri rakaparidzwa kune avo vakafa, **I Pet.** 4:6. Mwanakomana akashanyira mweya mutirongo, **D&Z** 76:73. Kwozouya rununuro rweavo vakagashira chikamu chavo mutirongo iroro, **D&Z** 88:99. Chidziva cherubhabhatidzo hachizi panyika kuti Vatendi vangu vabhabhatidzirirwei vakafa, **D&Z** 124:29. Vose avo vakafa vaine vakagashira vhangeri vachave vagari veumambo hweserityaro, **D&Z** 137:7–10. Mwanakomana waMwari akazviratidza achitaura rusununguko kuvasungwa avo vakanga vakatendeka, **D&Z** 138:18. Sekuwanda kwakanga kwakaita mweya yaive mutirongo yakauya, **Mos.** 7:57.

RUPONESO RWEVANA. *Ona* Vana;
Ruponeso—Ruponeso rwevana

RUREMEKEDZO. *Onawo* Kutya;
Rukudzo

Kukudza kwakadzama kwezvinhu zvinoyera; chishamiso.

Ishe vakaudza Mosesi kuti abvise shangu dzake, nokuti akanga akamira pangvimbo tsvene, **Eks.** 3:4–5. Mwari vakafanira kutyiwa nokubakwa mukuremekedzwa, **Mpi.** 89:7. Shandirai Mwari zvinodiwa nokuremekedza nokutya kune umwari, **VaH.** 12:28. Moronai akazvikotamisa pasi akanamata nesimba, **Aru.** 46:13. Mhomho yakawira pasi ikanamata Kristu, **3 Ni.** 11:12–19. Kotamai pamberi pangu,

D&Z 5:24. Zvose zvinhu zvinokotama mukuzvinipisa kweruremekedzo pamberi pechigaro chekutonga chaMwari, **D&Z** 76:93. Pfungwa dzenyu dzasvibiswa nokuti makabata zinyeke-nyeke zvinhu zvamakatambira, **D&Z** 84:54–57. Rose ibvi richagonya nerurimi wose rwuchareurura, **D&Z** 88:104. Pamusana pekukudza kana kuremekedza zita raiye Munhu Mukuru-kuru, chechi yakadaidza hupirisita ihwohwo mushure maMerkizedeki, **D&Z** 107:4. Maropafadzo anodirwa pane avo vanoremekedza Ishe mumba mavo, **D&Z** 109:21.

RURIMI. *Onawo* Ndimi, Chipa che

Rupawo rwekutaura. Vatendi vanofanira kubata rwurimi rwavo kana miromo yavo, zvichireva kuti vakafanira kudzora kutaura kwavo. *Rurimi* rwunotaurawo ndimi nevanhu. Nekufamba kwenguva, rose ibvi richapfugama wose rwurimi rwugoreurura kuna Mwari (Isa. 45:23; VaR. 14:11).

Chengetedzai rurimi rwenyu kubva kune zvakaipa, **Mpi.** 34:13 (I Pet. 3:10). Uyo ani zvake anodzora muromo nerurimi rwake anochengetedza mweya wake kubva kumatambudziko, **Zir.** 21:23. Kana murume upi zvake akasadzora rurimi rwake, munhu uyu kunamata kwake hakuna maturo, **Jkb.** 1:26. Kana munhu upi zvake akasagumbura mumazwi, iyeyo munhu akakwana, **Jkb.** 3:1–13. Vhangeri richaparidzirwa kumarudzi, kumhuri, ndimi, nevanhu, **Zvaka.** 14:6–7 (2 Ni. 26:13; Mosaya 3:13, 20; D&Z 88:103; 112:1). Ishe vanopa kumarudzi ose, rudzi rwavo nerurimi rwavo, kuti vadzidzise shoko ravo, **Aru.** 29:8. Mahwendefa aya achaenda kurudzi rwose, ndudzi, rurimi, nevanhu, **Aru.** 37:4. Wanai shoko rangu, naizvozworo rurimi rwenyu rwuchasunungurwa, **D&Z** 11:21. Munhu wose achanzwa kuzara kwevhangeri mururimi rwake, **D&Z** 90:11.

RUSIFA. *Onawo* Asingade Kristu;
Dhiabhorosi; Gehena; Muparadzi;
Vanakomana vekuraswa

Zita iri rinoreva Anopenya kana

Anotakura mwenje. Anoziiikanwawo seMwanakomana weMangwanani. Rusifa akanga ari mwanakomana wemweya waBaba Vekudenga uye akatungamira mukupanduka kwakaitika upenyu hwenyama husati hwavapo. Zita rekuti Rusifa rinowanikwa kamwechete muBhaibheri (Isa. 14:12). Zvakazarurwa muMazuva Ekupedzi-sira zvinotipa zvimwe zvakawanda maererano nokupunzika kwaRusifa (D&Z 76:25–29).

Rusifa akapunzika munguva yaivepo upenyu hwenyama husati hwavapo, **Isa.** 14:12 (Ruka 10:18; 2 Ni. 24:12). Mushure mekupunzika kwake akave Satani nadhiabhorosi, **D&Z** 76:25–29 (Mos. 4:1–4).

RUSIMBISO. *Ona* Maoko,
Kugadzwa kwe

RUSIMUDZIRWO. *Onawo*
Dzikinura; Kubwinya
kweseresitiyaro; Munhu—
Munhu, kugona kuve saBaba
Vekudenga; Ngundu; Upenyu
hwokusingaperi

Chinhanho chepamusoro-soro cherufaro nekubwinya mumambo hweseresitiyaro.

Pamuri pane kuzara kwemufaro, **Mpi.** 16:11. Vave vana mwari, kana vanakomana vaMwari—nokudaro, zvose zvinhu ndezvavo, **D&Z** 76:58–59. Vatiendi vachagamuchira nhaka yavo uye vagoitwa kuti vaenzane naye, **D&Z** 88:107. Ngirozi idzi hadzina kugara mumutemo wangu; naizvovzo, dzinoramba dzakaparadzana dziridzega pasina rusimudzirwo, **D&Z** 132:17. Varume nevakadzi vakafanira kuchata maererano nemutemo waMwari kuti vawane rusimudzo, **D&Z** 132:19–20. Isuwo rakamanikana nekanzira kakamanika zvinoenda mukusimudzirwa, **D&Z** 132:22–23. Abrahamu, Isaka naJakobo vakapinda murusimudzirwo rwavo, **D&Z** 132:29, 37. Ndinobatanidza pauri kusimudzirwa kwako, **D&Z** 132:49.

RUSUNUNGUKO. *Onawo*
Hunhapwa; Kusununguka;
Kuzvisarudzira

Kunge uri panzvimbo kana chinhanho chekukwanisa kuita kana kufunga wakasununguka. Kuteerera kumitemo yevhangeri kunosunungura munhu kubva muhusungwa hwechitadzo (Joh. 8:31–36).

Ndichafamba murusununguko: noku-ti ndinotsvaka mitemo yenyu, **Mpi.** 119:45. Pane Mweya walshe, pane rusununguko, **II VaKori.** 3:17. Mirai makasimba murusununguko umo Kristu akatiita kuti tisununguke, **VaG.** 5:1 (D&Z 88:86). Vanhu vakasununguka kusarudza rusununguko neupenyu hwokusingaperi, **2 Ni.** 2:27. Ino nyika ichave nyika yerusununguko, **2 Ni.** 10:11. Moronai akadyara mureza werusununguko pakati pemaNifai, **Aru.** 46:36. Ishe nevaranda vavo vanodaidzira rusununguko kune mweya yakasungwa, **D&Z** 138:18, 31, 42.

RUTE. *Onawo* Boazi

MuTestamente yaKare, muMoabi muroora waNaome naErimereki, avo vaive maIsraeri. Mushure mekufa kwemurume wake, Rute akawanikwa nehama yaNaome, Boazi. Mwanakomana wavo Obedi aive tateguru waDavidi naKristu. Rungano rwaRute runoratidza zvinoyevedza kute-ndeuka kwemunhu asiri muIsraeri kuuya mudanga raIsraeri. Rute akasiya aive mwari wake nehwaive upenyu hwake kuti abatane namba yerutendo mukushandira Mwari vaIsraeri (Rute 1:16).

Bhuku raRute: Chitsauko 1 chinotsanangura upenyu hwaErimereki nemhuri yake muMoabi. Mushure mekufa kwevarume vavo, Naome naRute vakaenda kuBetrehema. Chitsauko 2 chinotsanangura kuti Rute ainonga muminda yaBoazi. Chitsauko 3 chinotsanangura kuti Naome akataurira sei Rute kuti aende pahuriri hwekupurira agorara kumakumbo aBoazi. Chitsauko 4 rungano rwekuchata

kwaRute naBoazi. Vakaita mwanako mana, Obedi, uyo ane mutsetse wakawuya nawo Davidi naKristu.

RUTENDEUKO. *Onawo* Dzikinura; Jesu Kristu; Kuregererwa kweZvitadzo; Mwoyo Wakatyoka; Regerera; Reurara, Reururo

Kupinduka kwepfungwa nemwoyo uko kunounza kufunga kutsva pamusoro paMwari, pamunhu, nemuupenyuwo zvahwo. Kutendeuka kunoreva kuti munhu anobwa mukuipa otendeutsa mwoyo wake nechido chake kuna Mwari, achizviisa pasi pemirairo yaMwari nezvido nokusiya chitadzo. Kutendeuka kwechokwadi kunobva mukuda Mwari nechido chechokwadi chekuteerera mirairo yavo. Vose vanhu vave kuzvipindurira vakatadza uye vakafanira kutendeuka kuti vaogenderera mberi kuruponeso. Kuburikidza chete nerudzikinuro rwaJesu Kristu ndimo munoita kuti kutendeuka kwedu kuve nebase uye kugashirwe naMwari.

Reururai kuna Ishe, **Ezra** 10:11. Bvisai kuipa kwezviito zvenyu; regai kuita zvakaipa, **Isa.** 1:16. Tendeukai, mubve kuzvinhu zvose zvakaipa, **Ezk.** 18:30–31. Tendeukai imi: nokuti umambo hwekudenga hwave pedyo, **Mat.** 3:2. Kune mufaro mukuru kudenga pamusana pemutadzi mumwechete atendeuka, **Ruka** 15:7. Mwari vanotaurira vose vanhu kwose-kwose kuti vatendeuke, **Mabasa** 17:30 (2 Ni. 9:23; 3 Ni. 11:31–40; D&Z 133:16). Kusuwa kune umwari kunounza kutendeukira kuruponeso, **II VaKori.** 7:10. Mweya waIshe Samasimba wakaunza kupinduka kukuru mumwoyo yedu, zvekuti hatisisina shungu dzekuita zvakaipa, **Mosaya** 5:2. Kana akareurura zvitadzo zvake akatendeuka, iyeyo muchamuregerera, **Mosaya** 26:29. Mushure mekuparidza kwaAruma, vanhu vazhinji vakatangisa kutendeuka, **Aru.** 14:1. Musaverengere zuva rekutendeuka kwenyu, **Aru.** 34:33. Aruma akadzidzisa Hiramani nezvetendeuka nokudzorwa kwake, **Aru.** 36 (Mosaya 27:8–32). Kutendeuka hakwaiyuva kuvanhu kunze kwekunge

kwaive nekurangwa, **Aru.** 42:16. Regai zvitadzo zvenyu zvikuonetsei, nedambudziko iroro richakuunzai mukutendeuka, **Aru.** 42:29. Muchapa mupiro kwandiri wemwoyo wakatyoka nemweya wakapfava, **3 Ni.** 9:20. Uyo achatendeuka ouya kwandiri sekamwana kadiki, iyeyo ndichamugashira, **3 Ni.** 9:22. Tendeukai, mose imi migamhu yepasi, **3 Ni.** 27:20. Sekutendeuka kwavaita, vakaregererwa, **Moro.** 6:8. Musataure chinhu kunze kwekuteendeuka kuchizvarwa chino, **D&Z** 6:9 (D&Z 11:9). Kufara kwake kukuru zvakadii mumweya unenge watendeuka! **D&Z** 18:13. Munhu wose akafanira kutendeuka kana kutambudzika, **D&Z** 19:4. Uyo anoita chitadzo asingatendeuki acharasirwa kunze, **D&Z** 42:28. Uyo anoreurura achisiya zvitadzo zvake anoregererwa, **D&Z** 58:42–43. Vakafa vanotendeuka vachanururwa, **D&Z** 138:58. Tinodaira mukutendeuka, **Mis. yeCh.** 1:4.

RUTENDO. *Onawo* Daira; Jesu Kristu; Tariro; Vimba

Ruvimbo mune chimwe chinhu kana mumwe munhu. Sekushandiswa kwarinoitwa kazhinji mumagwaro matsvene, rutendo ruvimbo nekuvimba munaJesu Kristu zvinotungamira munhu mukumuteerera. Rutendo rwakafanira kunangana naJesu Kristu kuti rwugotungamirira munhu kuruponeso. Vatendi vaMazuva ekupedzisira vane rutendowo muna Mwari Baba, Mweya Mutsvene, simba rehupirisita, nezvimwewo zvevhangeri rakadzorerwa.

Rutendo rwunosanganisa tariro yezvinhu zvisingaonekwe, asi zviri zvechokwadi (VaH. 11:1; Aru. 32:21; Eta 12:6). Rutendo rwunobatidzwa nekunzwa vhangeri richidziziswa nevatariri vakabvumira vakatumirwa naMwari (VaR. 10:14–17). Basa rinoitwa nesimba raMwari hariburitse rutendo, asi rutendo rwakasimba rwunovakwa nokuteerera kuvhangeri raJesu Kristu. Nemamwe mazwi, rutendo rwunouya nekururama (Aru. 32:40–43; Eta 12:4, 6, 12; D&Z 63:9–12).

Rutendo rwechokwadi rwunounza basa rinoitwa nesimba raMwari, zviratidzo, zviroti, kurapa, nezvipo zvose zvaMwari izvo zvanopapa kuVatendi vavo. Nerutendo munhu anowana kuregererwa kwezvitadzo uye achizogona kugara pana Mwari. Kushaya rutendo kunotungamira munhu mukuora mwoyo, zvinouya pamusana pekuipa (Moro. 10:22).

Vakarurama vachararama nerutendo, **Hab.** 2:4. Rutendo rwako rwakuita uve akakwana, **Mat.** 9:22 (Marko 5:34; Ruka 7:50). Maererano nokutenda kwenyu ngazvive kwamuri, **Mat.** 9:29. Kana muine rutendo setsanga yemhodzi yemasitadhi, hakuna chichazotadzika kwamuri, **Mat.** 17:20 (Ruka 17:6). Ndakunamatirai, kuti rutendo rwenyu rwusakundikane, **Ruka** 22:32. Rutendo muzita raKristu rwaita murume uyu asimbe, **Mabasa** 3:16. Rutendo rwunouya nekunzwa shoko raMwari, **VaR.** 10:17. Kana Kristu asinakumuka norutendo rwenyu nderwe pasina, **I VaKori.** 15:14. Rutendo rwunoshanda nerudo, **VaG.** 5:6. Nenyasha makaponeswa kuburikidza nerutendo, **VaE.** 2:8 (2 Ni. 25:23). Torai nhowo yerutendo, **VaE.** 6:16 (D&Z 27:17). Ndapedza basa rangu, ndakachengetedza rutendo, **II Tim.** 4:7. Rutendo ndirwo musimbotei wezvinhu zvatinarisira, **VaH.** 11:1. Pasina rutendo zvakaoma kumufadza, **VaH.** 11:6. Rutendo, kana rwusina mabasa, rwakafa, **Jkb.** 2:17–18, 22. Ndichaenda ndonoita zvinhu izvo Ishe vataura, **1 Ni.** 3:7. Ishe anokwanisa kuitira zvose zvinhu vana vavanhu, kana vaine rutendo maari, **1 Ni.** 7:12. Minongedzo muRiahona yaisevenza maererano norutendo, **1 Ni.** 16:28. Tendekai, mubhabhatidzwe muzita ravo, muine rutendo rwakakwana muMutsvene Mumwe, **2 Ni.** 9:23. Kristu anoshanda zvizhamiso zvikuru-kuru pakati pevana vevanhu maererano norutendo rwavo, **2 Ni.** 26:13 (Eta 12:12; Moro. 7:27–29, 34–38). Zvitadzo zvaEnoshi zvakaregererwa pamusana perutendo rwake muna Kristu, **Eno.** 1:3–8. Ruponeso haruuye kune vaka-

daru kunze kwekuburikidza nerutendo muna Ishe Jesu Kristu, **Mosaya** 3:12. Mwoyo inopindurwa kuburikidza nerutendo muzita ravo, **Mosaya** 5:7. Minamoto yevaranda vaMwari inopindurwa maererano nerutendo rwavo, **Mosaya** 27:14. Tipei simba maererano nerutendo rwedu muna Kristu, **Aru.** 14:26. Daidzai zita raMwari murutendo, **Aru.** 22:16. Rutendo hakuzi kuva neruzivo rwakakwana rwezvinhu, **Aru.** 32:21 (Eta 12:6). Parinotanga kufuta kana naizvozvo risimbisei nerutendo rwenyu, **Aru.** 33:23 (Aru. 32:28). Kuchengetedzwa kwavo kwakabva kusimba rezvizhamiso raMwari pamusana pekukura kwerutendo rwavo, **Aru.** 57:25–27. Vose vachatarisa kuMwanakomana waMwari norutendo vangapone, **Hir.** 8:15. Ndinooona kuti rutendo rwako rwakakwana zvekuti ndinofanira kukurapa, **3 Ni.** 17:8. Rutendo zvinhu zvinotarisirwa zvisiinganeke, **Eta** 12:6. Vose avo vakaita zvizhamiso vakazviita nerutendo, **Eta** 12:12–18. Kana vaine rutendo mandiri, ndipo pandichaita zvinhu zvakarenda zvive nesimba kwavari, **Eta** 12:27–28, 37. Mormoni akadzidzisa nezverutendo, ruvimbo, nerudo, **Moro.** 7. Chose chinhu zvacho chamuchakumbira kuna Baba muzita rangu, chiri chakanaka, murutendo muchidaira kuti muchagashira, tarisai, chichaitwa kwamuri, **Moro.** 7:26. Avo vane rutendo muna Kristu vachabatarira pane chinhu chose chakanaka, **Moro.** 7:28. Kana mukakumbira, muine rutendo muna Kristu, vacharatidza chokwadi, **Moro.** 10:4. Pasina rutendo hapana chamungaite; saka kumbirai murutendo, **D&Z** 8:10. Chinofanira kupiwa kwavari maererano nerutendo rwavo muminamoto yavo, **D&Z** 10:47, 52. Vose vanhu vakafanira kushingirira murutendo muzita rake kusvika kumagumo, **D&Z** 20:25, 29. Kunatswa kuburikidza nenyasha dzaKristu kwakarurama uye kuri pachokwadi, **D&Z** 20:30. Mwewa uchapiwa kwamuri nemunamoto werutendo, **D&Z** 42:14. Rutendo harwuuye nezvi-

ratidzo, asi zviratidzo zvinotevera avo vanodaira, **D&Z** 63:9–12. Vabereki vanofanira kudzidzisa vana rutendo muna Kristu, **D&Z** 68:25. Tsvakai kudzidza, kana nokuverenga uyewo nerutendo, **D&Z** 88:118. Rutendo muna Ishe Jesu Kristu ndicho chisungo chekutanga chevhangeri, **Mis. yeCh.** 1:4.

RUVENGO. *Onawo* Chiva;
Kutsividza; Rudo

Mumagwaro matsvene, kupokana, humandu, nekuvenga. Kuvenga ndiko kusada zvakasimba mumwe munhu kana chimwe chinhu.

Ndichaisa ruvengo pakati pako nemukadzi, **Gen.** 3:15 (Mosaya 4:21). Ini, Mwari. ndashanyira huipei hwemadzibaba pamusoro pevana veavo vano venga ini, **Eks.** 20:5. Izvi zvinhu zvitanzhatu izvo Ishe vanovenga, **Zir.** 6:16. Murume akapusa anoshora amai vake, **Zir.** 15:20. Anoshorwa nekurambwa nevanhu, **Isa.** 53:3. Ita zvakanaka kuneavo vano kuvenga, **Mat.** 5:44. Kana kuti achavenga mumwe, nekuda mumwe vacho; kana kuti achabatirira kune umwe, oshora mumwe wacho, **Mat.** 6:24. Muchavengwa nevanhu pamusana pezita rangu, **Mat.** 10:22. Uyo wose anoita zvakaipa anovenga chiedza, **Joh.** 3:20. Pfungwa yekuzvifadza kwenyama ruvengo kuna Mwari, **VaR.** 8:7. Musarege munhu achireva humwana hwenyu, **I Tim.** 4:12. Hushamwari hwenyika ruvengo kuna Mwari, **Jkb.** 4:4. Nekuti vakafuma, vanovenga varombo, **2 Ni.** 9:30. Musavenge zvakarurwa zvaMwari, **Jak.** 4:8. Vaive neruvengo rusingaperi kwatiri, **Jak.** 7:24. Vanhu vanogara pasiri payambiro yaMwari, nekuvenga mashoko ake, **D&Z** 3:7. Muzuva iroro ruvengo rwuchapera kubva pamberi pehuso hwangu, **D&Z** 101:26. Ndakange ndavengwa nekushushwa nepamusana pekuti ndakange ndaona chiratidzo, **Nh—JS** 1:25.

RUWA RWEJACKSON,
MISSOURI (USA). *Onawo*
Jerusarema Idzva

Nzvimbo inoungana Vatendi mumazu-

va ekupedzisira, kureva kuti, nzvimbo iri pakati apo pavachaisa Jerusarema Idzva (**D&Z** 57–58; 82; 101:69–71; 105:28).

RUYAMURO. *Onawo* Kupa zvipo;
Kutsanya; Mupiro; Murombo,
Rubatsiro

Nzira kana tsika yekubatsira nayo zvinetswa zvevanhu mumweya nemunyama.

Vhurai maoko enyu kwazvo kuhama yenyu, kuvarombo venyu, nekune vanoshaya vemunyika yenyu, **Deut.** 15:11. Uyo anopa kuvarombo haashaye, **Zir.** 28:27. Uko hakuziko here kutsanya kwandasarudza? Kupa chingwa chenyu kune vane nzara, kuunza varombo mumba menyu, **Isa.** 58:6–7. Ndakanga ndiine nzara ukandipa nyama; ndaive mweni ukanditora mukati. Kana mukazviita kune anoshoreka weava hama dzangu, mazviita kwandiri, **Mat.** 25:35–40. Ipai zvinhu zvenyu kune uyo amire mukushaya, **Mosaya** 4:16–26. Vakapa kune mumwe nomumwe munyama nemumweya maererano nokushaya nezvavanoda, **Mosaya** 18:29. Vakauzwa kuti vabatane mukutsanya neku namata kuitira kuyamura avo vakanga vasingazive Mwari, **Aru.** 6:6. Namatirai ruyamuro rwenyu neruyamuro rweavo vakakukomberedzai, **Aru.** 34:27–28. Vakanga vaine zvinhu zvose pamwechete pakati pavo, **4 Ni.** 1:3. Rangarirai varombo, **D&Z** 42:30–31. Shanyirai varombo nevanoshaya, **D&Z** 44:6. Rangarirai muzvinhu zvose varombo nevanoshaya, **D&Z** 52:40. Nhamo iwe mupfumi usingape zvinhu zvako kuvarombo, nhamo kwauri iwe muro-mbo usingagutswe, une makaro asi usingadi kushanda, **D&Z** 56:16–17. MuZioni makange musina varombo pakati pavo, **Mos.** 7:18.

RUZIVO. *Onawo* Chokwadi;
Kunzwisisa; Ungwaru

Kunzwisisa nekubata zvarehwa, kunyanya kwechokwadi sekudzidziswa kana kutsinhirwa neMweya.

Ishe ndiMwari weruzivo, **I Sam.** 2:3.

Ishe vakakwana muruzivo, **Jobo** 37:16. Kutya Ishe ndiko kutanga kweruzivo, **Zir.** 1:7. Uyo ane ruzivo anozvibata mazwi ake, **Zir.** 17:27. Pasi richazara neruzivo rwaIshe, **Isa.** 11:9 (2 Ni. 21:9; 30:15). Makatora kiyi yeruzivo, **Ruka** 11:52. Rudo rwaKristu rwunopa ruzivo, **VaE.** 3:19. Pamhidzirai kurutendo rwenyu tsika dzakanaka, uye kutsika dzakanaka ruzivo, **II Pet.** 1:5. Nifai akange aine ruzivo rwukuru nezveku-naka kwa Mwari, **1 Ni.** 1:1. Vachauya kuruzivo rweMununuri wavo, **2 Ni.** 6:11. Vakarurama vachave rwakwana rwakawana pamusoro pekururama kwavo, **2 Ni.** 9:14. Mweya unopa ruzivo, **Aru.** 18:35. Ruzivo rwenyu rwakawana muchinhu ichocho, **Aru.** 32:34. MaRamani achaunzwa kuruzivo rwechokwadi cheMununuri wavo, **Hir.** 15:13. Mungazive neruzivo rwakawana kuti ndezvaMwari, **Moro.** 7:15-17. Vatendi vachawana zvinokosha zviku-ru zveruzivo, **D&Z** 89:19. Ruzivo rwakachena runokudza zviku-ru mweya, **D&Z** 121:42. Uyo ane makiyi ehupirisa hutsvene haana chinooma mukuwana ruzivo rwezvinhu, **D&Z** 128:11. Kana munhu akawana ruzivo muupenyu hwake, iyeyo ari nani munyika ichauya, **D&Z** 130:19. Hazviitike kuponeswa uri mukusaziva, **D&Z** 131:6.

RWIYO. *Onawo* Imba; Mumhanzi

Rwiyo rwekurumbidza Mwari.

Rwiyo rwakaimbwa neVaapostori vaneGumi neVaviri Ishe vasati vae-nda kuGetsemani, **Mat.** 26:30. Ishe vakadaidza Emma Smith kuti asarudze dzimbo dzinoyera, **D&Z** 25:11. Rwiyo rwevakarurama munamato kwandiri, uye uchapindurwa nemaropafadzo pamisoro yavo, **D&Z** 25:12. Rumbidzai Mwari nekuimba nemihanzi, **D&Z** 136:28.

RWIYO RWASOROMONI

Bhuku riri muTestamente yaKare. Muporofita Joseph Smith akadzidzisa kuti Rwiyo RwaSoromoni hachisi chinyorwa chakafemerwa.

RWIZI JORDANI

Rwizi Jordani runoyerera kubva mugungwa reGarirea kusvika kuDead Sea. Rwizi urwu rwakareba zana remamaira ruchumbwa netukova twakawanda twunoyerera kubva muGomo Herimoni. Ndirwo rukova runokosha zviku-ru mulraeri.

Zvinhu zviviri zviri maererano nerwizi urwu ndezvekuti Ishe vakatsemura rwizi kuti valsraeri vayambuke (**Josh.** 3:14-17), nokubhabhatidzwa kwaJesu Kristu (**Mat.** 3:13-17; **1 Ni.** 10:9).

SAKARAMENDE. *Onawo* Bhabhatidza; Chingwa cheUpenyu; Chirairo Chekupedzisira; Dzikinura; Jesu Kristu; Kupira; Muchinjikwa; Mvura yeUpenyu

KuVatendi vaMazuva Ekupedzisira chidyo sakaramende chinotaura chisungo chekudya chingwa nemvura mukurangerira kuzvipira serudzikunuro rwaKristu. Chingwa chakamedurwa chinomirira nyama yake yakamedurwa; mvura inomirira ropa raakadeura kudzikinura zvitadzo zvedu (**I VaKori.** 11:23-25; **D&Z** 27:2). Kana nhengo dzeChechi dzakakodzera dzichitora sakaramende, dzinovimbisa kutora zita raKristu pavari, kumurangerira nguva dzose, nokuchengetedza mirairo yake. Nechisungo ichi, nhengo dzeChechi dzinotsidza patsva zvivumirano zvavo zvepakubhabhatidzwa.

PaChidyo Chekupedzisira, Jesu akatsanangura chisungo chesakaramende paaidya neVaapostori vaneGumi neVaviri (**Mat.** 26:17-28; **Ruka** 22:1-20).

Jesu akatora chingwa, akachiropafadza; uye akatora mukombe, ndokupa kute-nda, **Mat.** 26:26-28 (**Marko** 14:22-24; **Ruka** 22:19-20). Uyo achadya nyama yangu, uye akanwa ropa rangu, ane upenyu hwokusingaperi, **Joh.** 6:54. Uyo anodya nekunwa asina kukodzera, anodya nekunwa kuraswa kumweya wake, **I VaKori.** 11:29 (3 Ni. 18:29). Jesu akadzidzisa vadzidzi vake vechiNifai vane gumi nevaviri nezvesakaramende, **3 Ni.** 18:1-11. Jesu akadzidzisa

vadzidzi ava kuti varambidze vanhu vasina kukodzera kuti vasadye sakaramende, **3 Ni.** 18:28–29 (Morm. 9:29). Minamoto yesakaramende inopiwa, **Moro.** 4–5 (D&Z 20:75–79). Sakaramende inopiwa nevapirisita kana gosa, **D&Z** 20:46, 76. Vadzidzisi nemadhikoni havana mvumo yekuropafadza sakaramende, **D&Z** 20:58. Zvinwiwa zvimwe zvisiri waini zvinogona kushandiswa pasakaramende, **D&Z** 27:1–4.

SAMARIA. *Onawo* VaSamaria

MuTestamente yaKare, guta remuzinda weumambo hwekuchamhembe kwelsraeri (I Madz. 16:23–24). Pamusana pekusimba kwechinzvimbo chayo chezvemauto pamusoro pechikomo, vaAsiria havana kugona kuitora kudakara shure kwekuikomberedza kwemakore matatu (II Madz. 17:5–6). Herode akaivaka zvakare akaidaidza kuti Sebhasiti. Munguva dzeTestamente Itsva, Samaria ndiro raive zita redunhu rose repakati peParastina kumadokero kweJordanani.

SAMASIMBA. *Onawo* Mwari, Musoro hwehuMwari

Chimiro chitsvene chekuve nesimba rose (Gen. 18:14; Aru. 26:35; D&Z 19:1–3).

SAMSONI

MuTestamente yaKare, wechigumi nevaviri we “vatongi” veIsraeri. Aizivikanwa pamusana pesimba rake guru, asi akanga asina kungwara mune dzimwe sarudzo dzake dzhunhu nezvii-to (Vat. 13:24–16:31).

SAMUERI, MUPOROFITA WEMUTESTAMENTE YAKARE

Mwanakomana waErikana naHana, Samuери akaberekwa semhinduro yeminamoto yaamai vake (I Sam. 1). Semwana mudiki akaiswa mukuchengetwa naEri, mupirisita wepamusoro patabernakeri paShiro (I Sam. 2:11; 3:1). Ishe vakadaidza Samuери achiri mudiki kuti ave muporofita (I Sam. 3). Mushure me-

kufa kwaEri, Samuери akave muporofita mukuru nemutongi waIsraeri akadzorera pakare mutemo, kurongeka nekugara kuchinamatwa nguva dzose munyika (I Sam. 4:15–18; 7:3–17).

I Samuери 28:5–20 ine nyaya yaSamuери achiuzwa kubva kuvakafa nemuroi weEndori sechikumbiro chaMambo Sauro. Izvi hazvingave chiridzo kubva kunaMwari, nokuti muroi kana rimwe svikiro harigone kuita kuti muporofita aonekwe nekukumbira kwake (I Sam. 28:20; 31:1–4).

Mabhuku aSamuери I nell: Mune mamwe mabhaibheri, mabhuku a–I nell Samuери ibhuku rimwechete. Mune mamwe mabhuku maviri. Mabhuku aya anotora nguva inokwana makore zana nemakumi matatu kubvira pakuberekwa kwaSamuери kusvika nguva pfupi Mambo Davidi asati afa.

Bhuku raSamuери I: Zvitsauko 1–4 zvinotsanangura kuti Ishe vakatuka uye vakaranga mhuri yaEri vakadaidza Samuери semupirisita wepamusoro nemutongi. Zvitsauko 4–6 zvinotaura nezvekuti areka yechibvumirano yakawira sei mumaoko emaFiristia. Zvitsauko 7–8 zvine yambiro dzaSamuери nezvekuve nevamwari venhema namambo akaipa. Zvitsauko 9–15 zvinotsanangura kugadzwa kwaSauro nekutonga kwake samambo. Zvitsauko 16–31 zvinotaura nhoroondo yaDavidi nekuwana kwake simba—Samuери akazodza Davidi uyo akanga auraya Goriasi. Sauro aivenga Davidi, asi Davidi akaramba kuuraya Sauro kana dai aive nemukana wekuzviita.

Bhuku raSamuери II: Bhuku iri rine zvakadzama zvekutonga kwaDavidi samambo waJuda uye kepapedzisira sewelsraeri yose. Zvitsauko 1–4 zvinoratidza dambudziko rakatora nguva huru pakati pevateveri vaDavidi, mushure mekunge agadzwa naJuda, nevateveri vaSauro. Zvitsauko 5–10 zvinoratidza Davidi achive nesimba guru munyika dzakawanda. Zvitsauko 11–21 zvinoratidza kuderera kwe-simba remweya raDavidi pamusana

pezvitema zvake nokupanduka mukati memhuri yake. Zvitsauko 22–24 zvinotsanangura kuedza kwaDavidi kuti ayanane naIshe.

SAMUERI MURAMANI

Muporofita wechiRamani muBhuku raMormoni akatumwa nalshe kudzidzisa nokuyambira maNifai chinguva chidiki Muponesi asati azvarwa. Samueri akaporofita pamusoro pezviratidzo zvaive nemaererano nekuberekwa norufu rwaJesu Kristu nokuparadzwa kwemaNifai (Hir. 13–16).

SANIHEDERINI. *Onawo* MaJuda

Dare remitemo remaJuda nedare remhosva repamusoro-soro remaJuda munyaya dzemagariro evanhu kana dzezvekunamata. Sanihederini raive nenhengo makumi manomwe nenhengo neimwechete vaitorwa kubva kuvapirisita vakuru vanyori nevabvazera. Mumagwaro matsvene, inodaidzwa kazhinji kuti dare (Mat. 26:59; Marko 14:55; Mabasa 5:34).

SARA. *Onawo* Abrahamama

MuTestamente yaKare, mudzimai wekutanga waAbrahamama. Muuchembere hwake akaita amai vaIsaka (Gen. 18:9–15; 21:2).

SAREMI. *Onawo* Jerusarema; Merkizedeki

Guta muTestamente yaKare umo maitonga Merkizedeki. Ringangove rakanga riri panzvimbo yeJerusarema yamazuva ano. Zita rekuti “Saremi” rakafanana chaizvo nezwi rechiHeberu rinoreva kuti “runyararo.”

Merkizedeki mambo weSaremi akauzwa chingwa newaini, **Gen.** 14:18. Merkizedeki, mambo weSaremi, aive mupirisita waMwari wepamusoro-soro, **VaH.** 7:1–2. Merkizedeki aiva mambo wenyika yeSaremi, **Aru.** 13:17–18.

SARIA. *Onawo* Rihai, Baba vaNifai

MuBhuku raMormoni, mukadzi waRihai (1 Ni. 5:1–8; 8:14–16; 18:19) naa-

mai vaRamani, Remueri, Semu, Nifai, Jakobho, Josefa, nevanasikana (1 Ni. 2:5; 2 Ni. 5:6).

SARUDZA. *Ona* Akasarudza

SARUDZAI. *Ona* Kubvumirana kwewose

SARUDZO. *Onawo* Akasarudza; Kudaidzwa nekusarudzwa

Zvichibva pahwaro hwehunhu hwakarurama muupenyu hwaivapo, Mwari vakasarudza avo vaizove mbeu yaAbrahamama namba yaIsraeri vachizove vanhu vechibvumirano (Deut. 32:7–9; Abr. 2:9–11). Vanhu ava vanopiwa maropafadzo anokosha nemabasa kuti vagoropafadza ose marudzi epasi rose (VaR. 11:5–7; I Pet. 1:2; Aru. 13:1–5; D&Z 84:99). Asika, kana ivava vakasarudzwa vakafanira kudaidzwa nokusarudzwa muupenyu huno kuti vawane ruponeso.

SARUZIVO. *Onawo* Mwari, Musoro hwehuMwari

Tsika tsvene yekuve neruzivo rwose (Mat. 6:8; 2 Ni. 2:24).

SATANI. *Ona* Dhiabhorosi

SAURO, MAMBO WEISRAERI

MuTestamente yaKare, mambo wekutanga weIsraeri isati yapatsanurwa. Kana dai zvazvo aive akarurama pakutanga kwekutonga kwake, nekufamba kwenguva akazadzwa nekuzvikudza nekusateerera Mwari (I Sam. 9–31).

SAURO WETARSO. *Ona* Pauro

SAWI

Uswa kana sora rinouraya rakafanana kutarisika kwaro negorosi. Harikwaniswe kuzivikanwa kuti harizi gorosi kudakara ratokura (Mat. 13:24–30; D&Z 86:1–7).

SEMU. *Onawo* Rihai, Baba vaNifai

MuBhuku raMormoni, mwanakomana wechitatu waRihai (1 Ni. 2:5). Aive

murume akarurama uye mutsvene akasarudza kutevera Ishe (1 Ni. 2:17; 2 Ni. 5:5–6; Aru. 3:6).

SETI. *Onawo* Adama

MuTestamente yaKare, mwanakomana akarurama waAdama naEva.

Seti akanga ari murume akakwana, uye zvaakange akaita ndozvakange zviri chaizvo zvakaita baba vake, **D&Z** 107:42–43 (Gen. 5:3). Seti akanga ari pakati pevakuru munyika yemweya, **D&Z** 138:40. Mwari vakazviratidza pachake kuna Seti, **Mos.** 6:1–3, 8–14.

SHADRAKI. *Onawo* Danieri

MuTestamente yaKare, Shadraki, Mishaki, naAbedi-nego vaive majaya matatu emalSraeri, avo vakati, pamwechete naDanieri, vakaunzwa mumuzinda waNebukadnezari, mambo weBabironi. Zita raShadraki rechi-Heberu rainzi Hanania. Majaya mana akaramba kuzvisvibisa nokudya nyama newaini yamambo (Dan. 1). Shadraki, Mishaki, naAbedi-nego vakakandwa mubisiro raibvira kwazvo namambo asi vakachengetedzwa neMwanakomana waMwari (Dan. 3).

SHANJE. *Ona* Ane Shanje

SHEMI. *Onawo* Noa, Tateguru vemuBhaibheri

MuTestamente yaKare, mwanakomana akarurama waNoa, maererano netsika, tateguru wemuShemi kana muSemu, vanhu, kusanganisa maArabi, vaHeberu, maBabironi, vaSiria, vaFinisia, nevaAsiria (Gen. 5:29–32; 6:10; 7:13; 9:26; 10:21–32; Mos. 8:12). Mune zvakaratidzwa mumazuva ekupedzisira Shemi anotaurwa se “mupirisita mukuru vepamusoro” **D&Z** 138:41).

SHEREMU. *Onawo* Asingade Kristu

Murume ari muBhuku raMormoni akaramba Kristu uye akada chiratidzo (Jak. 7:1–20).

SHIBHURONI. *Onawo* Aruma, Mwanakomana waAruma

MuBhuku raMormoni, mwanakomana

waAruma Mudiki. Shibhuroni akadzidzisa vhangeri kumaZoramamu akatambudzirwa kururama kwake. Ishe vakamubvisa mukutambudzika kwake pamusana pekutenda kwake nokutivirira (Aru. 38). Shibhuroni akachenge-tawo zvinyorwa zvemaNifai kwechinguva (Aru. 63:1–2, 11–13).

SHIRIKADZI. *Onawo* Ruyamuro

Mukadzi ane murume afa uye asina kuzoororwa zvakare.

Vasina madzibaba neshirikadzi vachauya vachidya, **Deut.** 14:29. Shirikadzi murombo iyi yaisa zvose zvainazvo, **Marko** 12:41–44. Shanyirai vasina madzibaba neshirikadzi mukutambudzika kwavo, **Jkb.** 1:27. Ishe vachave mupupuri anokurumidza kune avo vanodzvinzirira shirikadzi, **3 Ni.** 24:5 (Zek. 7:10). Shirikadzi nenherera vachariritirwa, **D&Z** 83:6 (**D&Z** 136:8).

SHIZI. *Onawo* MaJaredhi

Mutungamiri vemaoto vechiJaredhi muBhuku raMormoni. Akafa mukupera kwehondo huru iyo yakaparadza rudzi rwose rwemaJaredhi (Eta 14:17–15:31).

SHOKO. *Ona* Jesu Kristu—Upenyu hwaKristu upenyu huno husati hwavepo

SHOKO RAMWARI. *Onawo* Magwaro Matsvene; Mirairo yaMwari; Zvakazarurwa

Rairo, mirairo, kana mazwi anobva kunaMwari. Vana vaMwari vangangogashira shoko ravo kubva kwavari nokuratidzwa kuburikidza neMweya kana kubva kune varanda vavo vakasarudzwa (**D&Z** 1:38).

Neshoko rose rinobuda mumuromo walshe munhu anorarama, **Deut.** 8:3 (Mat. 4:4; **D&Z** 84:43–44). Shoko renyu mwenje kutsoka dzangu, nechiedza kunzira yangu, **Mpi.** 119:105. Vakanga vazadzwa vose neMweya Mutsvene vakataura shoko raMwari nokusatya, **Mabasa** 4:31–33. Tsvimbo yesimbi

raive shoko raMwari iro raienda kumuti weupenyu, **1 Ni.** 11:25 (1 Ni. 15:23–25). Makanga mapfuura pekunzwa, kuti mutadze kunzwa mashoko ake, **1 Ni.** 17:45–46. Nhamo kune uyo anoramba shoko raMwari! **2 Ni.** 27:14 (2 Ni. 28:29; Eta 4:8). Saidzirai mberi muchinakirwa pamusoro peshoko raKristu, **2 Ni.** 31:20 (2 Ni. 32:3). Pamusana pekusadaira kwavo havaikwanisa kunzwisisa shoko raMwari, **Mosaya** 26:3 (Aru. 12:10). Vakanga vanzvera magwaro matsvene zvine simba, kuti vazive shoko raMwari, **Aru.** 17:2. Edzai simba reshoko raMwari, **Aru.** 31:5. Aruma akaenzanisa shoko raMwari nemhodzi, **Aru.** 32:28–43. Chose zvacho chavachataura vafemerwa neMweya Mutsvene zvinenge zviriri shoko raIshe, **D&Z** 68:4. Raramai neshoko rose rinobuda mumuromo naMwari, **D&Z** 84:44–45. Ani zvake achachengetedza shoko rangu haazonyengedzwa, **JS—Mat.** 1:37.

SHOKO REUNGWARU

Mutemo weutano wakaraidzwa naIshe kuti zviyamure Vatendi munyama nemumweya (D&Z 89). Wave kungodaidzwa kuti Shoko reUngwaru. Ishe vagara vachidzidzisa vateveri vavo mirau yeutano. Ishe vakaratidze kuna Joseph Smith kuti ndeapi marudzi ezvekudya ekuti tidye nokutiwo ndeapi atisina kufanira kudya, pamwechete nechivimbiso chemaropafadzo enyama neemweya kana tichiteerera Shoko reUngwaru.

Musanwe waini kana zvinokora, **Rev.** 10:9. Waini mudadi, doro mupopoti, **Zir.** 20:1. Doro richavava kune avo vanorinwa, **Isa.** 24:9. Danieri haana kuzvisvibisa nenyama newaini yamambo, **Dan.** 1:8. Kana munhu upi zvake akasvibisa temberi yaMwari, iyeyo Mwari vachamuparadza, **I VaKori.** 3:16–17. Vanoraradza havagari nhaka yaMwari, **I VaKori.** 6:10 (VaG. 5:21). Uyo anorambidza kuti vanhu vasadye dzinyama haana kugadzwa naMwari, **D&Z** 49:18–21. Zvose zvinhu zvinounzwa nenyika zvinoshandiswa nemwe-ro, kwete kupfuuridza, **D&Z** 59:20. Ishe

akataurira Vatendi kuti vasashandise waini, zvinokora, fodya, nekunwa kunopisa, **D&Z** 89:1–9. Magwenzi, michero, nezvirimwa zvakaropafadzwa kuti zvishandiswe nemunhu nemhuka, **D&Z** 89:10–17. Kuteerera kuShoko reUngwaru kunounza kuropafadzwa kwenyama nemweya, **D&Z** 89:18–21.

SIKA. *Ona* Kusika

SIMBA. *Onawo* Hupirisita; Mvumo

Kukwanisa kuita chimwe chinhu. Kuve nesimba pamusoro pemumwe kana chimwe chinhu kukwanisa kubata kana kutuma munhu iyeyo kana chinhu. Mumagwaro matsvene, simba rinowanobatanidzwa nesimba raMwari kana simba rekudenga. Kazhinji zvakabatanana chaizvo nemvumo yehupirisita, zvinove mvumo kana mutemo wekushanda mubasa raMwari.

Pamusana pechikonzero ichochi ndakakusimudza kuti ndiratidze simba rangu kwaUri, **Eks.** 9:16. Mwari kugwinya nesimba rangu, **II Sam.** 22:33. Usaregere kuita chakanaka kana chiri musimba reruoko rwako kuti uchiite, **Zir.** 3:27. Chokwadi ndizere nesimba pamusana pemweya walshe, **Mika** 3:8. Rose simba rakapiwa kwandiri kude nga nepasi, **Mat.** 28:18. Vakashamiswa nedzidziso yake: nokuti shoko rake raive nesimba, **Ruka** 4:32. Garai imi muguta kudakara mawana simba kubva kumusoro, **Ruka** 24:49. Sevazhinji vakamatambira, kune ivavo akapa simba rekuve vanakomana vaMwari, **Joh.** 1:12 (D&Z 11:30). Muchagashira simba, mushure mekunge Mweya Mutsvene wauya pamuri, **Mabasa** 1:8. Hakuna simba kunze kweraMwari, **VaR.** 13:1. Munochengetwa nesimba raMwari pamusana perutendo kuruponeso, **I Pet.** 1:3–5. Ndazadzwa nesimba raMwari, **1 Ni.** 17:48. Zvakaiswa pachena kwandiri nesimba reMweya Mutsvene, **Jak.** 7:12. Munhu anogona kuve nesimba guru raanopiwa naMwari, **Mosaya** 8:16. Vakadzidzisa nesimba nemvumo yaMwari, **Aru.** 17:2–3. Nifai akashumaira nesimba nemvumo huru,

3 Ni. 7:15–20 (3 Ni. 11:19–22). Kana dai munhu angave nesimba rekuita mabasa makuru, kana akazvikudza nekusimba kwake akafanira kupunzika, **D&Z** 3:4. Simba rekuita zvakanaka riri mune munhu ega-ega, **D&Z** 58:27–28. Muzvisungo zveHupirisita hwaMerkizedeki simba reumwari riri pachena, **D&Z** 84:19–22. Mabasa ehupirisita akabatana zvisinga paradzanisike nemasimba edenga, **D&Z** 121:34–36. Ndishakutungamira reruoko rwangu uye simba rangu richave pamusoro pako, **Ab.** 1:18.

SIMEONI. *Onawo* Israeri; Jakobo, Mwanakomana waIsaka

MuTestamente yaKare, mwanakomana wechipiri waJakobo nemudzimai wake Rea (Gen. 29:33; 35:23; Eks. 1:2). Akabatana naRevi mukupondwa kweMaShekemi (Gen. 34:25–31). Chiporofita chaJakobo maererano naSimeoni chinowanikwa muna Gen. 49:5–7.

Rudzi rwaSimeoni: Zvizvarwa zvaSimeoni kazhinji zvaigara nerudzi rwaJuda vari mukati memiganhu yeumambo hwaJuda (Josh. 19:1–9; I Mak. 4:24–33). Rudzi rwaSimeoni rwakabatana naJuda muhondo mukurwisa maKanani, (Vat. 1:3, 17). Mushure vakabatanawo nemauto aDavidi (I Mak. 12:25).

SIMONI MUKANANI

MuTestamente Itsva, mumwe wevekutanga vevaVaapostori vaJesu Kristu vaneGumi neVaviri (Mat. 10:2–4).

SIMONI PETRO. *Ona* Petro

SINAGOGE. *Onawo* MaJuda

Nzvimbo yekusangana yakanangana nezvechitendero. Munguva dzeTestamente Itsva, midziyo yacho yakanga iri mishoma, maive neAreka yaive nezvinyorwa zvemurau nezvimwe zvinyorwa zvinoera, pekuverengera, nezvigaroro zvevanamati.

Dare revakuru vemo raichengetedza sinagoge yega-yega. Vaisarudza kuti ndiani aipinzwa kana kuti aisapinda

(Joh. 9:22; 12:42). Munhu aive nechinzvimbo chaikoshwa zvikuru aiwe mutongi vesinagoge (Ruka 13:14; Marko 5:22). Kazhinji aive munyori, aichengeta imba yacho, achitarisa kuitwa kwemisingano. Mumiriri aiita mabasa ehunyori (Ruka 4:20).

Maive nesinagoge muguta rose raigara maJuda, kwose muParastina neku-mwewo. Izvi zvakange zviru chiyamuro chikuru mukuparidzira vhangeri raJesu Kristu nokuti vapirisita vekutanga veChechi vaikwanisa kutaura mumasinagoge (Mabasa 13:5, 14; 14:1; 17:1, 10; 18:4). Iko kuita ikoku kwaivepo pakati pevashumiri muBhuku raMormoni (Aru. 16:13; 21:4–5; 32:1), nepakati pevashumiri vekutanga munguva mukuva uno (**D&Z** 66:7; 68:1).

SINAI, GOMO. *Onawo* Mosesi; Mutemo waMosesi

Gomo riri muSinai Peninsula, pedyo nepakambogara Mosesi nemaIsraeri kwemwedzi mitatu mushure mekubuda kwavo muEgipita; rinodaidzwa wo kunzi Gomo reHorebi (Eks. 3:1). Pano Mwari vakapa murau wake we-mba yaIsraeri kuna Mosesi; panove zvakare ndipo pakavakirwa taberna-keri (Eks. 19:2; 20:18; 24:12; 32:15).

SMITH, EMMA HALE. *Onawo* Smith, Joseph, Mwana

Mukadzi weMuporofita Joseph Smith. Ishe vakaudza Emma kuti aite sarudzo yenziyo dzeChechi. Akashandawo semukuru wekutanga weRuwadzano rweMadzimai.

Zvakazarurwa zvakapiwa maererano nechido chaishe kuna Emma Smith, **D&Z** 25. Ishe vakaraira Emma Smith nezvekuwanana, **D&Z** 132:51–56.

SMITH, HYRUM. *Onawo* Smith, Joseph, Mwana

Mukoma neshamwari yakatendeka yaJoseph Smith. Hyrum akaberekwa musi wa9 mwedzi waKukadzi mugore ra1800. Akashanda semuyamuri waJoseph muhutungamiri hweChechi,

nekuwewo Patiriyaki wechipiri mu-Chechi. Musi wa27 Chikumi mugore ra1844, akave mumwe wevakapurairwa vhangeri pamwechete naJoseph muJeri reCarthage.

Mwari vakaratidza rairo kuna Hyrum kuburikidza nemunin'na wake Joseph, **D&Z** 11; 23:3. Akaropafadzwa muranda wangu Hyrum Smith pamusana pekutendeka kwemwoyo wake, **D&Z** 124:15. Hyrum akaudzwa kuti atore chigaro chapatiriyaki weChechi, **D&Z** 124:91–96, 124. Joseph naHyrum vakaurairwa vhangeri muJeri reCarthage, **D&Z** 135. Hyrum nemimwe mweya yakashanangurwa vakachengetedzwa kuti vagozouya mukuzara kwenguva, **D&Z** 138:53.

SMITH, JOSEPH, BABA. *Onawo*
Smith, Joseph, Mwana; Smith,
Lucy Mack

Baba veMuporofita Joseph Smith. Vakaberekwa musu wa12 Chikunguru mugore ra1771. Akarooro Lucy Mack, uye vakaita vana vapfumbamwe (Nh—JS 1:4). Joseph akave mutondi aidaira mukudzorerwa pakare mumazuva ekupedzisira nekuve Patiriyaki wekutanga kuChechi. Akafa musu wa14 Gunyana muna 1840.

Mwari vakaratidza rairo kwaari kuburikidza nekumwanakomana wake Joseph, **D&Z** 4; 23:5. Regai muranda wangu akwegura arambe aine mhuri yake, **D&Z** 90:20. Muranda wangu akwegura Josefa agere naAbrahama kuruoko rwerudyi rwake, **D&Z** 124:19. Joseph Smith, Mwana, akaona baba wake muchiritadzo cheumambo hweseresitiyaro, **D&Z** 137:5. Ngirozi yakaudza Joseph Smith, Mwana, kuti audze baba vake nezvechiratidzo chaakanga agashira, **Nh—JS** 1:49–50.

SMITH, JOSEPH F.

Mutungamiri wechitanhatu weChechi; mwanakomana mumwechete chete waHyrum naMary Fielding Smith. Akaberekwa musu wa13 Mbudzi muna 1838 akafa musu wa19 Mbudzi mugore ra1918.

Joseph F. Smith akagashira chiratidzo chekununurwa kwevakafa, **D&Z** 138.

SMITH, JOSEPH, MWANA. *Onawo*
Bhuku raMormoni; Chiratidzo
cheKutanga; Dombo Remutengo
Mukuru; Dudziro yaJoseph
Smith (DJS); Dzidziso
neZvibvumirano; Kudzororwa
pakare kwevhangeri

Muporofita akasarudzwa kuti adzorere pakare Chechi yechokwadi yaJesu Kristu pano pasi. Joseph Smith akaberekerwa muruwa rweVermont mu-United States dzeAmerica akagara kubva muna 1805 kusvika 1844.

Muna 1820, Mwari Baba naJesu Kristu vakazviratidza kuna Joseph, akadzidza kuti pachechi dzose dziri pasi pano pakanga pasina yechokwadi (Nh—JS 1:1–20). Akashanyirwa mushure nengirozi Moronai, iyo yakamuratidza nzvimbo yakanga yakavigwa mahwendefa egoridhe ayo aive nezvinyorwa zvevanhu vakare vaive munyika yeAmerica (Nh—JS 1:29–54).

Joseph akadudzira mahwendefa uye muna 1830 akashambadza Bhuku raMormoni (Nh—JS 1:66–67, 75). Muna 1829, akagashira mvumo yehupirisita kubva kuna Johane Mubapatidzi neku-bva kuna Petro, Jakobo, naJohane (**D&Z** 13; 27:12; 128:20; Nh—JS 1:68–70).

Sekurairwa naMwari, musu wa6 Kubvumbi muna 1830, Joseph nevamwe vakati kuti vakaronga Chechi yakadzorerwa pakare raJesu Kristu (**D&Z** 20:1–4). Pasi pehutungamiri hwaJoseph, Chechi yakakura mu-Canada, England, nekumabvazuva KweUnited States, kunyanya mu-Ohio, Missouri, neIllinois. Katambudzwa kukuru kwakatevera Joseph neVatendi kwose kwavainogara. Musu wa27 Chikumi mugore ra1844, Joseph nemukoma wake Hyrum vakaurairwa vhangeri muCarthage, Illinois, mu United States yeAmerica.

Josefa, mwanakomana waJakobo, akaporofita pamusoro paJoseph Smith, **2 Ni.** 3:6–15. Nenzira yekuziva Kwake zvinoparadza zvichauya, Ishe vakadai-

dza muranda wake Joseph Smith, **D&Z** 1:17 (**D&Z** 19:13). Joseph Smith akagadzwa seMuappositori waJesu Kristu negosa rekutanga reChechi ino, **D&Z** 20:2. Joseph akagadzwa huppositori naPetro, Jakobo, naJohane, **D&Z** 27:12. Joseph naSydney Rigdon vakapupura kuti vakaona Mumwechete Akaberekwa waBaba, **D&Z** 76:23. AinaOliver Cowdery, Joseph Smith akawona Ishe muchiratidzo, **D&Z** 110:1-4. Ishe vakaidza Joseph segosa rinotungamira, mududziri, muratidzi, muoni, nemuporofita, **D&Z** 124:125. Joseph Smith akaitira vanhu zvakawanda kupfuura vamwe vanhu vose, kunze, kwaJesu chete, **D&Z** 135:3.

Gwaro dzvene rakaunzwa neMuporofita Joseph Smith. Joseph akadudzira zvidimbu zvemahwendefa egoridhe ayo akapiwa kwaari nengirozi Moronai, dudziro yacho yakashambadzwa muna 1830 seBhuku raMormoni. Akagashirawo zvakazarurwa zvakawanda kubva kuna Ishe zvichitaura nezvedzidziso nekurongwa kweChechi. Zvishinji zvezvakazururwa izvi zvakanyorwa umo mave kunzi Dzidziso neZvibvumirano. Ndiye akaitawo kuti Dombo Remutengo Mukuru, rine dudziro dzezvimwe zvinyorwa zvaMosesi, Abrahamu, naMateo, zvakatorwa kubva munhorondo yake pachake neuchapupu nemisidzo gumi nenhatu dzedzidziso nezvinotendwa mazviri neChechi.

SMITH, LUCY MACK. *Onawo* Smith, Joseph, Baba; Smith, Joseph, Mwana

Amai veMuporofita Joseph Smith uye ari mudzimai waJoseph Smith, Baba, (Nh—JS 1:4, 7, 20). Akaberekwa musu wa8 Chikunguru muna 1776 akafa musu wa5 Chivabvu muna 1856.

Joseph akaona amai vake muchiratidzo cheumambo hweseresitiyaro, **D&Z** 137:5.

SMITH, SAMUEL H. *Onawo* Smith, Joseph, Mwana

Munin'na weMuporofita Joseph Smith

(Nh—JS 1:4). Samuel akaberekwa muna 1808 akafa muna 1844. Aive mumwe weVapupuri Vasere veBhuku raMormoni akashanda semunwe wevashumiri vekutanga veChechi rakadzorerewa pakare (**D&Z** 23:4; 52:30; 61:33-35; 66:7-8; 74:13).

SODOMA. *Onawo* Gomora

MuTestamente yaKare, guta rakaipa rakaparadzwa naIshe (Gen. 19:12-29).

SOROMONI. *Onawo* Bati-sheba; Davidi

MuTestamente yaKare, mwanakomana waDavidi naBati-sheba (II Sam. 12:24). Soromoni akanga ari kwechinguva mambo wemaIsraeri.

Davidi akaidza Soromoni samambo, **I Madz.** 1:11-53. Davidi akataurira Soromoni kuti afambe munzira dzaIshe, **I Madz.** 2:1-9. Ishe vakamuvimbisa mwoyo unonzwisisa, **I Madz.** 3:5-15. Akatonga vanamai vaviri akaziva amai vemwana chaivo, **I Madz.** 3:16-28. Akataura zvirevo nenziyo, **I Madz.** 4:32. Akavaka temberi, **I Madz.** 6; 7:13-51. Akapira temberi, **I Madz.** 8. Akashanyirwa namambokadzi weSheba, **I Madz.** 10:1-13. Soromoni akaroorakunze kweIsraeri, uye vakadzi vake vakatendeutsira mwoyo wake mukunamata vamwari venhema, **I Madz.** 11:1-8. Ishe vakashatirirwa Soromoni, **I Madz.** 11:9-13. Akafa, **I Madz.** 11:43. Davidi akaporofita pamusoro pekubwinya kwekutonga kwaSoromoni, **Mpi.** 72. Soromoni akatambira vakadzi vazhinji nemadzimai ekunze, asi vamwe havana kugashirwa kubva kuna Ishe, **D&Z** 132:38 (Jak. 2:24).

STEFANO

Stefano akafira vhangeri pamusana peMuponesi neChechi yake munguva dzemuTestamente Itsva. Kuparidza kwake kwakatungamira nokutunhida basa guru raPauro, uyo akange aripo Stefano achizvireverera pambe-ri peSanihederini (Mabasa 8:1; 22:20).

Stefano akanga ari mumwe wevarume

vanomwe vakanga vasarudzwa kuti vabatsire Vaapositori vaneGumi neVaviri, **Mabasa** 6:1–8. Stefano akaita mamini-mini nezvishamiso zvikuru, **Mabasa** 6:8. Stefano akapinda munhoro nemaJuda, **Mabasa** 6:9–10. Kupomerwa mhosva kwakaunzwa kwaari, akatongwa pamberi pedare reSaniherini, **Mabasa** 6:11–15. Stefano akataura zvekuzvireverera, **Mabasa** 7:2–53. Azere neMweya Mutsvene, akaona Baba neMwanakomana muchiratidzo, **Mabasa** 7:55–56. Stefano akaurirwa vhangeri pamusana peuchapupu hwake, **Mabasa** 7:54–60.

SUNGA. *Ona* Kusungu

SVONDO. *Ona* Zuva reSabata

TABERNAKERI. *Onawo* Areka yeChibvumirano; Hutsvene hweHutsvene; Temberi, Imba yaIshe

Imba yaIshe, musimbotei wekunamata kweIsraeri munguva yekubva muEgipita. Tabernakeri yaive temberi yaikwanisa kutakurwa uye yaikwanisa kupunzwa ichizomiswa zvakare. Vana vaIsraeri vakashandisa tabernakeri kudakara vakava temberi yaSoromoni (D&Z 124:38).

Mwari vakaratidza kugadzirwa kwe-tabernakeri kuna Mosesi (Eks. 26–27), uye vana vaIsraeri vakaivaka vachitevedza mutarirwa wayo (Eks. 35–40). Apo tabernakeri yakapera, guti rakaputira tende, nekubwinya kwaishe kukazadza tabernakeri (Eks. 40:33–34). Gutu raive chiratidzo chekuvapo kwaMwari. Usiku, yairatidzika semoto. Apo guti rakagara pamusoro petende, vana vaIsraeri vaibva vatemala musasa. Rikange rafamba, vaifamba naro (Eks. 40:36–38; Num. 9:17–18). Vana vaIsraeri vaitakura tabernakeri panguva yekudzungaira kwavo mugwenga nemukukunda kwavo nyika yeKanani. Mushure mekukunda uku, tabernakeri yakaiswa kuShiro, nzvimbo iyo yakange Ishe vasarudza (Josh. 18:1). Mushure mekunge vana vaIsraeri vakava temberi yaSoromoni, tabernakeri yakabva yashaika zvachose munhoroondo.

Ishe naIsaya vakashandisa tabernakeri semucherechedzo wemaguta eZioni neJerusarema panguva yekuuya kwaIshe kwechipiri (Isa. 33:20; Mos. 7:62).

TADZIRA

Kutyora mutemo wakarurama, kutadza, kana kukanganisa kana kukuvadza, nokusafadza kana kugumbura.

Hama yagumburwa yakaoma kuidzora kupfuura guta rakasimba, **Zir.** 18:19. Kana ziso rako rekurudyi richikugumbura, ritubure, **Mat.** 5:29. Ani zvake achagumburisa mumwe weava vadiki avo vanodaira mandiri, zvingave nani kuti anyure mugungwa, **Mat.** 18:6 (D&Z 121:19–22). Kana mukoma kana munin'ina kana hanzvadzi yako akakutadzira uye akareurura, muchayanani-swa, **D&Z** 42:88. Hakuna chinogumbura Mwari muvanhu kunze kweavo vasingatende ruoko rwavo uye vasingateerere miraro yavo, **D&Z** 59:21.

TARENDWA

Kuera kwechinyakare kweuremu kana mari kwainge kwakakosha zvikuru. Zvinoshandawo semucherechedzo wechinhu chinokosha zvikuru, zvakaitea vhangeri raJesu Kristu (Mat. 25:14–29; Eta 12:35; D&Z 60:2, 13).

TARIRO. *Onawo* Rutendo

Ruvimbo rwekutarisira nokushuva maropafadzo akavimbiswa ekururama. Magwaro matsvene kazhinji anotaura nezvetariro sekutarisira upenyu hwo-kusingaperi kuburikidza nerutendo muna Jesu Kristu.

Akaropafadzwa munhu uyo akaita tariro yake Ishe, **Jer.** 17:7. Ishe vachave tariro yevanhu vavo, **Joere** 3:16. Tine tariro kuburikidza nemwoyo murefu nemagwaro matsvene, **VaR.** 15:4. Mwari vakatiberekera mutariro mhenyu mukumuka kuvakafa kwaKristu, **I Pet.** 1:3. Wose munhu ane tariro iyi anozvichenesa pachake, **I Joh.** 3:2–3. Makafanira kusaidzira mberi, muine chiedza chizere chetariro, **2 Ni.** 31:20.

Onai kuti mune rutendo, tariro, nerudo rwakadzama, **Aru.** 7:24 (I VaKori. 13:13; Moro. 10:20). Ndinodisa kuti dai maiterera kumazwi angu, muine tariro yekuti muchatambira upenyu hwokusingaperi, **Aru.** 13:27–29. Kana muine rutendo, munotarisisa zvinhu zvisingawonekwe, zviri zvechokwadi, **Aru.** 32:21 (VaH. 11:1). Tariro inouya nerutendo uye yoita musimbotti kumweya, **Eta** 12:4 (VaH. 6:17–19). Munhu akafanira kutarisira kana haangagone kutambira nhaka, **Eta** 12:32. Mormoni akataura pamusoro perutendo, tariro, nerudo rwakadzama, **Moro.** 7:1. Muchatarisisa kuburikidza nerudzikinuro rwaJesu Kristu kuti mumutswe kuupenyu hwokusingaperi, **Moro.** 7:40–43. Mweya Mutsvene unokuzadzai netariro, **Moro.** 8:26 (VaR. 15:13). Vakabva muupenyu hwekufa, vakasimba mutariro yekumuka kuvakafa kune kubwinya, **D&Z** 138:14.

TAYLOR, JOHN

Mutungamiri vechitatu weChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.

Akadaidzwa kuDare revaneGumi neVaviri, **D&Z** 118:6 (D&Z 124:128–129). Akanyora nezvekuurairwa vhangeri kwaJoseph naHyrum Smith, **D&Z** 135. Akakuvadzwa pakuurairwa vhangeri, **D&Z** 135:2. Akanga ari pakati pevakuru-vakuru vakaonekwa naJoseph F. Smith munyika yemweya, **D&Z** 138:53–56.

TEANGUMU

Mutungamiri mukuru wemauto emanifai muBhuku raMormoni (Aru. 50:35; 51–52; 61–62).

TEERERA. *Onawo* Anoteerera; Nzeve

Kunzwa nokuteerera shoko kana kudzidzisa kwaIshe.

Ishe vachamutsa muporofita akaita saiye, uye imi muchateerera kwaari, **Deut.** 18:15. Kuteerera kwakanaka kupfuura mafuta ehondohwe dzemupiro,

I Sam. 15:20–23. Hatina kuteerera kuvaranda vaIshe, vaporofita, **Dan.** 9:6. Vakaturama avo vanoteerera kumazwi emaporofita havazofi, **2 Ni.** 26:8. Kana mukasa teerera kuzwi remufudzi akanaka, hamuzi hwai dzake, **Aru.** 5:38 (Hir. 7:18). Teereri imi vanhu weChechi yangu, **D&Z** 1:1. Avo vanoteerera kuzwi reMweya vane rujeko uye vanouya kuna Baba, **D&Z** 84:46–47. Vainonoka kuteerera kuna Ishe; saka, Iye anononoka kuteerera kuminamoto yavo, **D&Z** 101:7–9. Avo vasingateerere kumirairo vanorangwa, **D&Z** 103:4 (Mos. 4:4).

TEMBERI, IMBA YAISHE. *Onawo* Endawumnti; Hutsvene hweHutsvene; Tabernakeri; Zvisungo

Chaizvo-chaizvo imba yaMwari. Ishe nguva dzose vanotaurira vanhu vavo kuti vavake matemberi, dzimba tsvene umo munoti Vatendi vakakodzera vanoita mapira anoera nezvisungo zvevhangeri zvavo pachavo nezvevakafa. Ishe anoshanyira matemberi ake, uye ndidzo nzvimbo dzinoyeresesa kupfuura dzose dzekunamatira.

Tabernakeri yakamiswa naMosesi nevana vaIsraeri yaive temberi yaita-kurika. MaIsraeri vakaisevenzesa pakubuda kwavo kubva muEgipita.

Temberi inonyatsozivikanwa iyo inotaurwa muBhaibheri ndeiyi yakavakwa naSoromoni muJerusarema (II Mak. 2–5). Yakapunzwa mugore 600 Kristu asati azvarwa nemaBabiro ni ikavakwa pakare naZerubaberi kwatopera rinenge zana remakore (Ezra 1–6). Rumwe rutivi rwetemberi iyi rwakatsva muna 37 Kristu asati azvarwa, uye Mambo Herode akazoivaka zvakare. VaRoma vakaparadza temberi muna 70 Kristu azvarwa.

MuBhuku raMormoni, vateveri vakaturama vaMwari vaitungamirwa kuti vavake vagonamatira mumatemberi (2 Ni. 5:16; Mosaya 1:18; 3 Ni. 11:1). Kuvaka nekushandisa temberi nemazvo rupawo rweChechi rechokwadi mumukuvo upi zvawo, kusanganisa neChechi yakadzorerwa pakare muma-

zuva edu. Temberi yeKirkland ndiyo temberi yekutanga kuvakwa nokupirwa kunaIshe mumukuvo uno. Kubvira nguva iyoyo matemberi akapirwa munzvimbo zhinji pasi pose.

Ndiani achamira munzvimbo tsvene iyi? **Mpi.** 24:3–5. Ngatiendei kumba yaMwari vaJakobo, **Isa.** 2:2–3 (Mika 4:1–2; 2 Ni. 12:2–3). Ishe vachangoerekana vauya kutemberi yavo, **Mara.** 3:1 (3 Ni. 24:1; D&Z 36:8, 42:36). Jesu akashambidza temberi, **Mat.** 21:12–16 (Marko 11:15–18; Ruka 19:45–48). Vate ndi vakataurirwa kuvaka temberi muMissouri, **D&Z** 57:3 (D&Z 84:3–5). Misai imba yaMwari, **D&Z** 88:119 (D&Z 109:8). Ishe vakaranga vatendi pamusana pekutadza kuvaka temberi, **D&Z** 95:1–12. Handiuye kumatemberi asiri matsvene, **D&Z** 97:15–17. Nda bvuma imba ino, uye zita rangu richave pano, **D&Z** 110:7–8. Vanhu vaIshe vanogara vachiudza kuti vavake imba muzita ravo, **D&Z** 124:39. Basa guru richaitwa mumatemberi kubatanidza vana nevabereki vavo, **D&Z** 138:47–48. Basa guru remazuva eku pedzisira rinosanganisa kuvaka matemberi, **D&Z** 138:53–54.

TEMBERI YEKIRTLAND

Temberi yekutanga kuvakwa neChechi ino munguva dzino. Vatendi vakaivakira muKirtland, Ohio, USA, maererano nokuraira kwaIshe (D&Z 94:3–9). Chimwe chinangwa chaive kuti pave nenzvimbo yekuti nhengo dzeChechi dzakakodzera dzigashire simba remweya, mvumo, nerujeko (D&Z 109:110). Yakapirwa musi wa27 mwedzi waKurume 1836; munamato wekupira wakapirwa kune muporofita Joseph Smith nokuzaurirwa (D&Z 109). Ishe vakapa zvakarurwa zvakawanda zvinokosha uye vakadzore ra pakare makiyi ehupirisita anodiwa mutemberi iyi (D&Z 110; 137). Haina kushandisirwa zvizere zvezvisungo zvinopihwa mumatemberi nhasi.

TENDA. *Ona* Kupakatenda

TENDEUKA. *Ona* Rutendeuko

TESTAMENTE. *Ona* Testamente Itsva; Testamente yaKare

TESTAMENTE ITSVA. *Onawo* Bhaibheri; Magwaro Matsvene

Zvinyorwa zvakafemerwa zvakaiswa pamwechete zvakatanga zviru muchi-Giriki zviru maererano neupenyu neushumiri hwaJesu Kristu, Vaapositori, nevamwe vateveri vaJesu Kristu. Testamente Itsva inowanza patsanurwa mumaVhangeri, Mabasa eVaapositori Rugwaro rwaPauro, imwewo magwaro, nebhuku reZvakazarurwa.

MaVhangeri mana—mabhuku aMateo, Marko, Ruka, naJohane—irondedzero dzeupenyu hwaKristu. Bhuku reMabasa, rinotaura nezveChechi neVaapositori, kunyanya nzendo dzaPauro dzekuparidza, mushure merufu rwaKristu. Tsamba dzaPauro dzinoraira vatungamiri veChechi nenhengo. Dzimwe tsamba dzakanyorwa nevamwe Vaapositori dzinopawo kumwe kuraira Vatendi vekutanga. Bhuku reZvakazarurwa, iro rakanyorwa neMuapositori Johane, rine, kazhinji, huporofita zviru maererano nemazuva ekupedzisira.

TESTAMENTE YAKARE. *Onawo*

Bhaibheri; Magwaro mashanu emutemo; Magwaro Matsvene

Zvinyorwa zve maporofita vechinyakare vaishanda vari pasi pekutunwa neMweya Mutsvene avo kwemazana mazhinji emakore vaipupura nezvaKristu nemharidzo yake yamangwana. Rinewo zvinyorwa zverungano rwaAbrahama nezvizvarwa zvake, kutangisa naAbrahama, nechibvumirano, kana *uchapupu*, Ishe hwavakaita naAbrahama nevana vake.

Mabhuku ekutanga mashanu emu-Testamente yaKare akanyorwa naMosesi. Ndeaya Genesi, Eksodo, Revitiko, Numeri, Deuteronomio. Genesi rinotaura nezve kutanga kwepasi, rudzi rwemunhu, mitauro, marudzi, nokutanga kwemba yaIsraeri.

Mabhuku nhorondo anotaura nezvaitika muIsraeri. Mabhuku aya

ndeaya Joshua, Vatongi, Rute, I nall Samueri, I nall Madzimambo, I nall Makoronike, Ezera, Nehemia, naEstere.

Mabhuku enhetembo anotaurea zvimwe zveuchenjeri nezvinyorwa zve-maporofita. Ndeaya Jobo, Mapisarema, Zvirevo, Muparidzi, Rwiyo rwaSoro-roni, Mariro aJeremia.

Maporofita vaiyambira Israeri pamusoro pezvitema zvavo vachipupura pamusoro pemapropafadzo anobva mukuteerera. Vaiporofita nezvekuuya kwaKristu, uyo aizoripira zvitadzo zve-avo vanotendeuka, otambira zvisungo, achigara zviri maererano nevhangeri. Mabhuku emaporofita ndiIsaya, Jeremia, Ezekieri, Danieri, Hosea, Joere, Amosi, Obadia, Jona, Mika, Nahumi, Habakuki, Zefanaya, Hagai, Zekaria, naMaraki.

Mazhinji mabhuku emuTestamente yaKare akanyorwa nechiHeberu. Zvinyorwa zvizhoma-shoma zvine Arami, mutauro wakada kutoredzera.

TIMOTIO. *Onawo* Pauro

MuTestamente Itsva, mushumiri wechidiki aibatsirana naPauro munguva yekushumira kwaPauro (Mabasa 16:1-3; II Tim. 1:1-5); mwanakomana wababa wechiGiriki namai vechiJuda; iye nevbereki vake vaigara muRistra.

Pauro akataura nezvaTimotio se "mwanakomana wake murutendo" (I Tim. 1:2, 18; II Tim. 1:2). Timotio zvimwe aive mubatsiri waPauro aivimbika uye achiwanisa, (VaF. 2:19-23).

TIMOTIO, MAGWARO KUNA.

Onawo Magwaro aPauro; Pauro; Timotio

Mabhuku maviri muTestamente Itsva. Ose aive pakutanga, rugwaro rwakanyorwa naPauro kunaTimotio.

Timotio Wekutanga: Pauro akanyora rugwaro rwekutanga mushure mekuiswa kwake mutirongo kwekutanga. Akange asiya Timotio kuEfeso, anechinangwa chekuzodzoka mushure (I Tim. 3:14). Asika, Pauro akanzwa kuti zvimwe aizanonotswa, saka akanyora kuna

Timotio, zvimwe ari kuMakedonia (I Tim. 1:3), kumuraira nokumukuru dzira mukuzadzikisa basa rake.

Chitsauko 1 chine kwaziso yaPauro nerairo dzake pamusoro pezvisina maturo zuaifambiswa zvakange zvo-pinda muChechi. Zvitsauko 2-3 zvinopa rairo pamusoro pekunamata paruzhinji nezveunhu nemafambiro evashumairi. Zvitsauko 4-5 zvine tsananguro yekurasika kubva pachokwadi kwemazuva ekupedzisira kupa zano kuna Timotio pamusoro peku-shumira vaaitungamira. Chitsauko 6 ikurudziro kuti vave vakatendeka nekusiya upfumi hwenyika.

Timotio Wechipiri: Pauro akanyora tsamba yechipiri nguva yekuiswa kwake mutirongo kechipiri, chinguvana asati aurairwa vhangeri. Ine mazwi eMua-positori uyu ekupedzisira ichiratidza kusatya kunoshamisa neruvimbo urwo rwaakatarisa narwo rufu.

Chitsauko 1 chine kwaziso yaPauro nezvaaitaura kuna Timotio. Zvitsauko 2-3 zvinopa yambiro dzakasiyana-siyana nezvitevedzwa negwinyiso kuti titarise ngozi dziri mberi. Chitsauko 4 mashoko ari kutumirwa kushamwari dzaPauro, aine rairo ekuti vakarasika kubva pachokwadi vangabatwe sei.

TIRONGO REMWEYA. *Ona* Gehena

TITO. *Onawo* Magwaro aPauro; Pauro; Tito, Rugwaro kuna

MuTestamente Itsva, muGiriki akanga achifamba aivimbika akatendeuka ku-enda kuJerusarema naPauro mushure akazove mushumiri (VaG. 2:1-4; II Tim. 4:10). Tito akaenda nerugwaro rwa-Pauro yekutanga kuVatendi paKorinte (II VaKori. 7:5-8, 13-15).

TITO, RUGWARO KUNA. *Onawo* Magwaro aPauro; Pauro; Tito

Apo Pauro akanga asunungurwa kwe-nguva pfupi kubva mutirongo ku-Roma, akanyora rugwaro urwo kuna Tito, akange ari muKrita. Rugwaro iri

rinotaura zvakanyanya nezvemibvunzo iri maererano nekurangwa kwe-mukati nekuronga kweChechi.

Chitsauko 1 chine kukwazisa kwa-Pauro pamwechete nekuraira nezv-nodiwa kuti mabhishopi ange ari. Zvitsauko 2-3 zvine dzidziso dzino-bata zvakavanda nemashoko kuna Tito pachake pamusoro pekubatwa kunoitwa zvikwata zvakasiyana-siyana muChechi reKrita. Pauro aikuridzira Vatendi kuti vakunde huipi, vave vakangwarira nekuve vakatendeka vachiita mabasa akanaka.

TOMASI

MuTestamente Itsva, mumwe weve-kutanga weVaapostori vaneGumi neVaviri vakasarudzwa neMuponesi nguva yake yeupenyu hwekufa neku-paridza kwake. MuchiGiriki zita ra-cho ndiDidimo (Mat. 10:2-3; Joh. 14:5; 20:24-29; 21:2). Kana dai zvazvo Tomasi akakahadzika nekumuka kuvakafa kwaJesu kudakara atoona pachake Muponesi, unhu hwake hwakasimba hwakaita kuti ade kutarisana nekuta-mbudzwa nerufu naIshe vake (Joh. 11:16; 20:19-25).

TONGA. *Ona* Kutonga

TSANYA. *Ona* Kutsanya

TSIKA

Zvinotendwa nezvinoitwa zviri zvi-nogashidzanwa kubva kuchizvarwa nechizvarwa (II VaT. 2:15). Muma-gwaro matsvene, Ishe vanoramba vachiyambira vakarurama kuti vasiye tsika dzevanhu dzakare dzakaipa (Rev. 18:30; Marko 7:6-8; Mosaya 1:5; D&Z 93:39-40).

TSITSI. *Ona* Anetsitsi

TSUNGIRIRA. *Onawo* Chiedzo;
Matambudziko; Mwoyo murefu

Kuramba wakasimba mukuzvipira kuve wechokwadi kumirairo yaMwa-ri kana dai kuine chiyedzo, kupikiswa, nedambudziko.

Uyo anotsungirira kusvika kumagu-mo achaponeswa, **Mat.** 10:22 (Marko 13:13). Havana midzi uye saka vano-tsungirira kwekanguva chete, **Marko** 4:17. Rudo rwunotsungirira zvose zvinhu, **I VaKori.** 13:7. Mushure me-kunge Abrahamu atsungirira nemwoyo murefu, akawana chivimbiso, **VaH.** 6:15. Kana vakatsungirira kusvika kumagumo vachasimudzwa pazuva rekupedzisira, **1 Ni.** 13:37. Kana mukave munoteerera mirairo, uye muchitsungirira kusvika kumagumo, muchaponeswa, **1 Ni.** 22:31 (Aru. 5:13). Kana mukasaidzira muchienda mberi, muchinakirwa neshoko ra-Kristu, uye muchitsungirira kusvika kumagumo, muchawana upenyu hwokusingaperi, **2 Ni.** 31:20 (3 Ni. 15:9; D&Z 14:7). Ani nani anatora pa-ri zita rangu, uye achitsungirira ku-svika kumagumo, achaponeswa, **3 Ni.** 27:6. Ani zvake anotsungirira Chechi yangu kusvika kumagumo, iyeyo ndi-chamumisa padombo rangu, **D&Z** 10:69. Uyo anotsungirira ari murute-ndo achakunda nyika, **D&Z** 63:20, 47. Dzose ngundu nematunhu zvichaga-dzwa pane avo vose vakatsungirira nehumhare muvhangeri raJesu Kristu, **D&Z** 121:29.

TSVINA. *Ona* Hutsvina

TUNHA. *Ona* Kutunhwa

TUNHWA MANIKIDZIKA. *Ona*
Kumanikidza

UCHAPUPU. *Onawo* Mupupuri;
Mweya Mutsvene; Pupura

Izivo neuchapupu hwemweya unopi-wa neMweya Mutsvene. Uchapupu hunogonawo kuve kutaura zviri pa-murau kana kutaura zviri pamutemo maererano nezvinoonekwa nemunhu sechokwadi (D&Z 102:26).

Ndinoziva kuti mununuri wangu mu-penyu, **Jobo** 19:25-26. Musanyare uchapupu hwalshve vedu, **II Tim.** 1:8. Uchapupu hwajesu mweya wechipo-rofita, **Zvaka.** 19:10. Mirai sevapuriri

vaMwari nguva dzose, **Mosaya** 18:9. Pakanga pasina nzira yekuponesa vanhu kunze kwekupupura kwavo zvakasimba pamusoro pavo, **Aru**. 4:19–20. Ndinazvo zvose zvinhu seuchapupu hunoti zvinhu izvi ndezvechokwadi, **Aru**. 30:41–44. Hamugamuchire uchapupu kusvika mushure mekuedzwa kwerutendo rwenyu, **Eta** 12:6. Handina kutaura runyararo kupfungwa dzenyu here? Mungawane uchapupu hukuru kuna ani kunze kwekuna Mwari? **D&Z** 6:22–23. Uye zvino, mushure meuchapupu hwakawanda hwaakapiwa, uhwu ndihwo uchapupu hwatinomupa, **D&Z** 76:22–24. Ndakakutumirai kunze kuti mupupure nekuyambira vanhu, **D&Z** 88:81–82. Vapupuri zvino vafa mhupuro yavo yave nesimba, **D&Z** 135:4–5. Enoki akaona ngirozi dzichipupura pamusoro paBaba neMwanakomana, **Mos.** 7:27. Kana dai ndakavengwa ndikanetswa pamusana pekutaura kuti ndakange ndaona chiratidzo, asika zvaive zvechokwadi, **Nh—JS** 1:24–25.

UKASHA. *Onawo* Hasha

UMAMBO HWAMWARI KANA UMAMBO HWOKUDENGA.

Onawo Kubwinya kweseresitiyaro; Chechi yaJesusu Kristu

Umambo hwaMwari pano pasi iChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira (**D&Z** 65). Chinangwa cheChechi kugadzirira nhengo dzayo kuti dzigare narinhi narinhi muumambo hwepakudenga hweseresitiyaro kana muumambo hwokudenga. Zvisine, magwaro matsvene pane dzimwe nguva anodaidza Chechi kuti umambo hwokudenga, zvichireva kuti Chechi ndiyo umambo hwokudenga pano pasi.

Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira ndiyo umambo hwaMwari pano pasi, asi iye zvino inogogumira muumambo hwezvekunamata. Munguva yeMereniamu, umambo hwaMwari hunenge huri zvose zve-matongerwo enyika nezvekunamata.

Ishe ndiMambo narinhi narinhi, **Mpi**. 10:16 (**Mpi**. 11:4). Mwari vekudenga

vachamisa umambo husingazoparadzwa, **Dan**. 2:44 (**D&Z** 138:44). Tendekai nokuti umambo hwekudenga hwave pedyo, **Mat**. 3:2 (**Mat**. 4:17). Umambo hwenyu ngauuye, kuda kwenyu ngakuitwe panyika, **Mat**. 6:10. Tsvagai kutanga umambo hwaMwari, **Mat**. 6:33 (3 Ni. 13:33). Ndichapa kwamuri makiyi eumambo, **Mat**. 16:19. Huyayi, garai nhaka yeumambo hwa-makagadzirirwa imi, **Mat**. 25:34. Kana ndave kutora sakaramende nemi muumambo hwaBaba vangu, **Mat**. 26:26–29. Muchaona vose maporofita muumambo hwaMwari, **Ruka** 13:28. Vasakarurama havazogara nhaka yeumambo hwaMwari, **I VaKori**. 6:9. Nyama neropa hazvingagare nhaka yeumambo hwaMwari, **I VaKori**. 15:50. Musati matsvanga upfumi tsvangai umambo hwaMwari, **Jak**. 2:18. Hakuna chisina kuchena chingagare nhaka yeumambo hwekudenga, **Aru**. 11:37. Mungazozorora navo muumambo hwaBaba vangu, **D&Z** 15:6. Kwamuri umambo kana makiyi eChechi akapihwa, **D&Z** 42:69 (**D&Z** 65:2). Umambo hwaMwari ngaunderere mberi kuti umambo hwekudenga huuye, **D&Z** 65:5–6. Makiyi eumambo uhu haafe akatorwa kwamuri, **D&Z** 90:3. Uyo wose anokugamuchirai sekamwana, anogashira umambo hwangu, **D&Z** 99:3. Saizvozvo Chechi yangu ichazodaidzwa, mumazuva ekupedzisira kuti Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupe-dzisira, **D&Z** 115:4. Matenga akazururwa uye ndikaona kubwinya kweumambo hwemuseresitiyaro hwaMwari, **D&Z** 137:1–4.

UNGWARU. *Onawo* Chiedza, Chiedza chaKristu; Chokwadi; Mweya

Ungwaru hunoreva zvinhu zvakanamata: (1) Chiedza chechokwadi chinopa upenyu nechiedza kuzvinhu zvose zviriri munyika. Zvakagara zviripo. (2) Izwi rinoti *ungwaru* hungangoreva vana vemweya vaMwari. (3) Magwaro matsvene angangotaurawo neungwaru

sezvinoreva zviumbiso zvemweya chakanga chiripo tisati taberekwa sevana vemweya. (4) Kukwanisa kana chipo chinobva kuna Mwari chekutonga zvakanaka. Munhu anowana unguwaru pamusoro pekuona nekudzidzira nokutevedza kutaura kwa Mwari. Pasina ruyamuro rwa Mwari, munhu haana ruzivo rwechokwadi (2 Ni. 9:28; 27:26).

Mwari vakapa Soromoni unguwaru, **I Madz.** 4:29–30. Ungwaru ndichochinhu chikuru: saka torai unguwaru, **Zir.** 4:7. Uyo anowana unguwaru anoda mweya wake, **Zir.** 19:8. Jesu akawedzera muungwaru, **Ruka** 2:40, 52. Kana paine mumwe wenyu asina unguwaru, ngaa-kumbire Mwari, **Jkb.** 1:5 (D&Z 42:68; Nh—JS 1:11). Ndinokuwadza zvinhu izvi kuti mudzidze unguwaru, **Mosaya** 2:17. Dzidzai unguwaru muujaya hwenyu, **Aru.** 37:35. Ungwaru hunobatirira pane unguwaru, **D&Z** 88:40. Vatendi vachawana unguwaru nepfuma huru yeruzivo, **D&Z** 89:19. Ungwaru hauna kusikwa kana kuitwa, **D&Z** 93:29. Hw unguwaru huri pahwo hwega muchinzvimbo ichocho chazvaiswa na Mwari, **D&Z** 93:30. Kubwinya kwa Mwari unguwaru, **D&Z** 93:36–37. Ungwaru hwatakawana muupenyu huno hunomuka nesu mukumuka kuvakafa, **D&Z** 130:18–19. Regai uyo asingazive adzidze unguwaru nokuzvirereka nokudaidza kuna Ishe, **D&Z** 136:32. Ishe anotonga hw unguwaru, **Abr.** 3:21. Ishe vakaratidza Abrahamu unguwaru hwarokarongwa nyika isati yavepo, **Abr.** 3:22.

UNYENGERI HWEHUPIRISITA

Vanhu vanoparidza vachizviita mwenje nechiedza chenyika kuti vawane zvinovapundutsa nokurumbidzwa nenyika; havatsvake kugara kwakanaka kweZioni (2 Ni. 26:29).

Fudzai hwai dza Mwari, kwete kuti muwane upfumi hune tsvina, **I Pet.** 5:2. Machechi akavakirwa kuti awane pundutso anofanirwa kudzikiswa pasi, **1 Ni.** 22:23 (Morm. 8:32–41). Pamusana peunyengeri wepirisita nokuipa, Jesu acharoverwa, **2 Ni.** 10:5. Dai unyengeri

wehupirisita waimanikidzirwa pakati pevanhu ava zvaizoreva kuparadzwa kwavo zvachose, **Aru.** 1:12. MaJentairi vachazadzwa neunyengeri wehupirisita hwakasiyana-siyana, **3 Ni.** 16:10.

UPENYU. *Onawo* Chiedza, Chiedza chaKristu; Upenyu hwokusingaperi

Kurarama kwenguva pfupi nekwe-mweya kwakakwanisika kuti kuvepo kuburikidza nesimba ra Mwari.

Ndaisa pamberi pako zuva ranhasi upenyu nekunaka, **Deut.** 30:15–20. Muchandiratidza nzira yeupenyu, **Mpi.** 16:11. Uyo anotevedza kururama anowana upenyu, **Zir.** 21:21. Uyo anowana upenyu hwake acharasikirwa nahwo uye uyo anorasikirwa neupenyu hwake pamusana pangu achahuwana, **Mat.** 10:39 (Mat. 16:25; Marko 8:35; Ruka 9:24; 17:33). Mwanakomana wemunhu haana kuuya kuzoparadza upenyu hwevanhu, asi kuvaponesha, **Ruka** 9:56. Maari maive neupenyu, uye upenyu hwaive chiedza chevanhu, **Joh.** 1:4. Uyo anodaira pane uyo akandituma anopfuudzwa kubva kurufu kuenda muupenyu, **Joh.** 5:24. Ndini nzira, chokwadi neupenyu, **Joh.** 14:6. Kana muupenyu huno chete tikave netariro muna Kristu, tiri vakasuwa zvikuru, **I VaKori.** 15:19–22. Humwari hune ruvimbiso rweupenyu huripo iye zvino, nehwe uhwo hwuchauya, **I Tim.** 4:8. Vana vedu vangatarisire kune upenyu uhwo huri muna Kristu, **2 Ni.** 25:23–27. Upenyu huno inguva yekuti vanhu vagadzire kusangana na Mwari, **Aru.** 34:32 (Aru. 12:24). Ndini chiedza neupenyu hwenyika, **3 Ni.** 9:18 (Mosaya 16:9; 3 Ni. 11:11; Eta 4:12). Vakakomborerwa avo vakatendeka muupenyu kana murufu, **D&Z** 50:5. Uhu ndihwo upenyu hwokusingaperi—kuziva Mwari na Jesu Kristu, **D&Z** 132:24. Iri ndiro basa rangu nekubwinya—kuunza kuti zvipfuure upenyu hwekusafa nehwo-kusingaperi hwevanhu, **Mos.** 1:39.

UPENYU HUSINGAPERI. *Ona* Upenyu hwokusingaperi

UPENYU HWENYAMA. *Onawo*

Kupunzika kwaAdama naEva;
Muviri; Nyika; Rufu, rwenyama

Nguva yekubva pakuzvarwa kusvika pakufa kwenyama. Iyi inodaidzwa dzi-mwe nguva kuti chinhanho chechipiri.

Muzuva rauchaudya zvechokwadi uchafa, **Gen.** 2:16–17. (Mos. 3:16–17). Pakufa mweya uchadzokera kuna Mwari uye muviri kuvhu renyika, **Mpa.** 12:7 (Gen. 3:19; Mos. 4:25). Musarege chitadzo chichitonga mumuviri wenyama unofa, **VaR.** 6:12. Muviri wenyama wakafanira kupfeka kusafa, **I VaKori.** 15:53 (Eno. 1:27; Mosaya 16:10; Morm. 6:21). Chinhanho chemunhu chakave chinhanho chekuedzwa, **2 Ni.** 2:21 (Aru. 12:24; Aru. 42:10). Adama akapuzika kuti vanhu vaveko, **2 Ni.** 2:25. Notarisisira mberi here uchiona muviri unofa uyu uchimutswa mukusafa? **Aru.** 5:15. Upenyu huno inguva yekukugadzirira kuti tisangane naMwari, **Aru.** 34:32. Musatye rufu, nokuti kufara kwenyu hakuna kuzara munyika muno, **D&Z** 101:36. Avo vanochengeta chinhanho chavo chechipiri vachawana kubwinya, **Abr.** 3:26.

UPENYU HWENYAMA HUSATI

HWAVEPO. *Onawo* Dare
rekudenga; Hondo kudenga;
Mavambo; Munhu

Upenyu husati hwave nehwepano pasi. Vose varume nevakadzi vaigara naMwari sevana vavo vemweya vasati vauya pano pasi sevanzu vanofa. Izvi dzimwe nguva zvinodaidzwa kuti chinzvimbo chekutanga (Abr. 3:26).

Mwari pavakaisa hwaro hwenyika, vose vanakomana vaMwari vakadaidzira nerufaro, **Jobo** 38:4–7. Mweya uchadzokera kunaMwari avo vakaupa, **Mpa.** 12:7. Ndisati ndakuumba munhumbu ndaikuziva, **Jer.** 1:4–5. Tose takabva paari, **Mabasa** 17:28. Mwari vakatisarudza nyika isati yavepo, **VaE.** 1:3–4. Tinofanira kuve pasi paBaba vemweya, **VaH.** 12:9. Ngirozi dzisina kuchengetedza chinhanho chadzo

chekutanga, akadziisa mumangetani anogara nariinhi, **Jud.** 1:6 (Abr. 3:26). Dhiabhorosi nengirozi dzake vakakanzwa kunze, **Zvaka.** 12:9. Vakadaidzwa vakagadzirirwa kubvira pahwaro hwenyika, **Aru.** 13:3. Kristu akatarisa hukuru husingaperi nemhomho dzekudenga pasi risati raitwa, **D&Z** 38:1. Munhu akanga ariwo pakutanga ainaMwari, **D&Z** 93:29 (Hir. 14:17; D&Z 49:17). Mweya inokudzwa yakasarudzwa pakutanga kuti vave vatongi muChechi, **D&Z** 138:53–55. Vazhinji vakagashira zvidzidzo zvavo zvekutanga munyika yemweya, **D&Z** 138:56. Zvinhu zvose zvakasikwa mumweya zvisati zvave panyika, **Mos.** 3:5. Ndakaita nyika, nevanhu vasati vave munyama, **Mos.** 6:51. Abrahamu akaona ungaru idzo hwainge hwakarongwa nyika isati yavepo, **Abr.** 3:21–24.

UPENYU HWOKUSINGAPERI.

Onawo Dzikinura; Kubwinya
Kweseresitiyaro; Ngundu;
Rusimudzirwo; Upenyu

Kugara narinhi semhuri pamberi paMwari (D&Z 132:19–20, 24, 55). Upenyu hwokusingaperi ndicho chipo chaMwari chikuru-kuru kumunhu.

Une mazwi eupenyu hwokusingaperi, **Joh.** 6:68. Huno upenyu hwokusingaperi, kuti vakuzivei imi mega Mwari vechokwadi, uye Jesu Kristu, **Joh.** 17:3 (D&Z 132:24). Irwai kurwa kwakanaka kwerutendo, batai upenyu hwokusingaperi, **I Tim.** 6:12. Vanhu vakasununguka kusarudza rusununguko neupenyu hwokusingaperi, **2 Ni.** 2:27 (Hir. 14:31). Kuve nepfungwa yakafemerwa upenyu hwokusingaperi, **2 Ni.** 9:39. Zvino muri mukanzira kamanika kanoenda kuupenyu hwokusingaperi, **2 Ni.** 31:17–20. Kudaira muna Kristu nokutsungirira kusvika kumagumo upenyu hwokusingaperi, **2 Ni.** 33:4 (3 Ni. 15:9). Uyo ane upenyu hwokusingaperi akapfuma, **D&Z** 6:7 (D&Z 11:7). Upenyu hwokusingaperi ndicho chikuru-kuru chezvipo zvose zvaMwari, **D&Z** 14:7 (VaR. 6:23). Vakarurama vachagashira runyararo munyika

muno, uye upenyu hwokusingaperi munyika ichauya, **D&Z** 59:23. Avo vanotsungirira kusvika kumagumo vachawana ngundu yeupenyu hwo-kusingaperi, **D&Z** 66:12 (D&Z 75:5). Avo vanofa vasina vhangeri vari vangadai vakarigashira dai vakararama vagari venhaka yemukubwinya kweu-mambo hweseresitiyaro, **D&Z** 137:7-9. Basa raMwari nokubwinya kunounza kupfuura kusafa neupenyu hwokusi-ngaperi kwemunhu, **Mos.** 1:39. Mwari vanopa upenyu hwokusingaperi kune vanoteerera, **Mos.** 5:11.

UPFUMI. *Onawo* Kudada; Mari

Upfumi kana uwandu. Ishe vanoraira Vatendi kuti vasatsvake upfumi hwe-nyika kunze kwekuita zvakanaka. Va-tendi havana kufanira kuisa kutsvaka upfumi hwenyika pamberi pekutsva-ka umambo hwaMwari, hune upfumi husingaperi (Jak. 2:18-19).

Kana upfumi hukawanda, usaise mwo-yo wako pahuri, **Mpi.** 62:10. Upfumi hauna chahunopa pamusi wehasha, **Zir.** 11:4. Uyo anovimba neupfumi hwake achapuzika, **Zir.** 11:28. Zita rakanaka riri nani kurisarudza pane upfumi hu-kuru, **Zir.** 22:1. Zvakaoma sei kune avo vane upfumi hukuru kuti vapinde mumambo hwaMwari, **Marko** 10:23 (Ruka 18:24-25). Kuda mari ndiwo mudzi wekuipa kwose, **I Tim.** 6:10. Nhamo kune vapfumi vanoshora varo-mbo uye vanoti upfumi hwavo ndiye Mwari wavo, **2 Ni.** 9:30. Vakarurama havana kuisa mwoyo yavo paupfumi asi vakagovana nevose, **Aru.** 1:30. Vanhu vakatanga kudada pamusoro peupfumi, **Aru.** 4:6-8. Vanhu vaipa-tsanurwa nezvinvano, maererano ne-upfumi hwavo, **3 Ni.** 6:12. Musatsvake upfumi asi unguwaru, **D&Z** 6:7 (Aru. 39:14; D&Z 11:7). Upfumi hwepanyika ndehwaMwari kuhupa, asi chenjerera rudado, **D&Z** 38:39.

Upfumi hwokusingaperi: Isai upfumi kudenga, **Mat.** 6:19-21. Kanganani ndichikudaidzai nezveupfumi hweupenyu hwokusingaperi, **D&Z** 43:25. Upfumi

husingaperi ndehwangu kuhupa, **D&Z** 67:2 (D&Z 78:18).

URAYA. *Ona* Kuponda; Kuranga nerufu

URI

MuTestamente yaKare, Uri yemaKardia waive musha wekutanga waAbrama (Gen. 11:27-28, 31; 15:7; Neh. 9:7; Abr. 2:1, 4).

URIMI NETUMIMI. *Onawo* Chidzitiro chepachipfuva

Zvinhu zvakagadzirwa naMwari kuti zviyamure vanhu mukuwana kuzaru-rirwa nokududzirwa kwendimi. Mu-mutauro wechiHeberu mazwi aya anoreva "zviedza nezvakakwana." Urimi neTumimi yaive nematombo maviri akaiswa muuta hwesiriveri uye dzimwe nguva zvinoshandiswa pamwechete nengwerengwa repachi-pfuva (D&Z 17:1; Nh—JS 1:35, 42, 52). Nyika ichave ziUrimi neTumimi guru mukucheneswa kwayo nemukusafa kwayo (D&Z 130:6-9).

Muchaisa gandautare repachipfuve rekutonga Urimi neTumimi, **Eks.** 28:30. Kune uyo anokunda ndichapa dombo jena, **Zvaka.** 2:17. Ane paanogona kutarisa, achiturikira, **Mosaya** 8:13. Aya matombo maviri ndichaapa kwauri, **Eta** 3:23-24, 28 (Eta 4:5). Joseph Smith akagashira zvakazarurwa pamusana peUrimi neTumimi, **D&Z** misoro ye-zvidimbu, 6, 11, 14-16. Maive nesimba ramakapiwa kuti muturikire noku-shandisa Urimi neTumimi, **D&Z** 10:1. Vapupuri Vatatu vaizoona Urimi neTumimi, iyo yakapiwa munin'ina waJaredhi pagomo, **D&Z** 17:1. Nzvi-mbo inogara Mwari iUrimi neTumimi huru kwazvo. Dombo jena richave Urimi neTumimi kune munhu uyu achagashira chimwechete, **D&Z** 130:6-11. Ini Abrahamu, ndaive neUrimi neTumimi, **Abr.** 3:1, 4.

USHE HWEMAROMA. *Onawo* Roma

Ushe hweRoma yakare. Munguva

dzeVaapositori, Ushe hwemaRoma ndihwo hwega hwaive hutongi huku ru hwepasi rose. Hwaisanganisa chose chaive pakati peYufratesi, Danube, Rhine, Atlantic negwenga reSahara. Parastina yakave nhengo zenyika idzi muna 63 Kristu asati azvarwa, apo Pompea akatora Jerusarema. Kana dai zvazvo maRoma vakabvumira maJuda kodzero dzakawanda, maJuda aivenga kutonga kwemaRoma uye vaigara vari mukupanduka.

Pauro, muRoma, aishandisa chiGiriki, mutauro wainyanya kushandiswa muushe, kuparadzira vhangeri mumatunhu ose ehushu.

Ipai kuna Kesari zvinhu zvaKesari, **Mat.** 22:17–22. Pauro akachemera kodzero yake semuRoma, **Mabasa** 16:37–39 (Mabasa 22:25–29).

UTANO. *Ona* Shoko reUngwaru

UTARIRI. *Ona* Mutariri

UYA. *Onawo* Anoteerera; Mudzidzi

Mumagwaro matsvene, kuswewera pedyo nemumwe nekutevera kana kuteerera, zvakaita semumazwi “uyai kuna Kristu mugokwaniswa maari” (Moro. 10:32).

Rereka nzeve yako, uye uuye kwandiri, **Isa.** 55:3. Uyai kwandiri, mose imi munotambudzika, **Mat.** 11:28. Regai vana vadiki vauye kwandiri, **Mat.** 19:14. Kana munhu upi zvake akauya kwandiri, regai azvirambe, **Ruka** 9:23. Uyo anouya kwandiri haazomboita nzara, **Joh.** 6:35. Kristu anokoka vose kuti vauye kwaari, **2 Ni.** 26:33. Uyai kwandiri uye muponeswe, **3 Ni.** 12:20. Uyai kuna Kristu, **Moro.** 10:32. Kokai vose kuti vauye kuna Kristu, **D&Z** 20:59. Uyai kwandiri, uye mweya yenyu icharama, **D&Z** 45:46.

VAANDI-NIFAI-RIHAI. *Onawo*

Amoni, Mwanakomana waMosaya; Hiramani, Vanakomana va; Mosaya, Vanakomana va

MuBhuku raMormoni, zita rakapiwa

kumaRamani vakange vadzoswa nevanakomana vaMosaya. Mushure mekutendeuka kwavo, vanhu ava, avo vakanga vachidaidzwawo kunzi vanhu vaAmoni, vakatendeka upenyu hwavo hwose (**Aru.** 23:4–7, 16–17; 27:20–27).

Vakatora zita rekuti Andi-Nifai-Rihai, **Aru.** 23:16–17; 24:1. Vakaramba kudeura ropa, vakacherera pasi zvombo zva-vo, **Aru.** 24:6–19. Vanakomana vavo vakagadzirira hondo uye vakasarudza Hiramani semutungamiri wavo, **Aru.** 53:16–19; 56–58 (ava vanakomana vaizivikanwawo sezviuru zviviri zve-mauto emajaya).

VABEREKI. *Onawo* Amai; Baba, Vepanyama

Vanababa naanaamai. Varume nevakadzi vakakodzera avo vakasunganidzwa nemazvo mukuchata mutemberi yaMwari vanogona kuzadzikisa basa ravo sevabereki nokusingaperi kwose.

Vana, teerera vabereki venyu, **VaE.** 6:1–3 (**VaKoro.** 3:20). Adama naEva ndivo vaive vabereki vedu vekutanga, **1 Ni.** 5:11. Kutukwa kungave pamisoro yemadzibaba enyu, **2 Ni.** 4:6. Dzidzisi vabereki kuti vatendeuke uye vabhabahatidzwe, **Moro.** 8:10. Vabereki vanoudzwa kuti vadzidzise vhangeri kuvana vavo, **D&Z** 68:25. Vose vana vane chichemo pavabereki vavo, **D&Z** 83:4. Zvitadzo zvevabereki hazvingapindurirwe pamusoro pevana, **Mos.** 6:54.

VADZIDZI VATATU

VECHINIFAI. *Onawo* MaNifai; Mudzidzi; Vanhu vakapindurwa

Vamwe vadzidzi vatatu naKristu vakasarudzwa vechiNifai vanotaurwa muBhuku raMormoni.

Ishe vakapa vadzidzi ava maropafadzo zvimwechetezvo zvakapiwa kuna Johane Mudikani—Kuti vagare panyika kuti vaunze mweya kuna Kristu kudakara Ishe vauya zvakare. Vaka-sandurwa kuti vasanzwe kurwadza uye vasingafe (3 Ni. 28).

Kristu akapa chido chevatatu ava

chekuti vararame kudakara kuuya kwake, **3 Ni.** 28:1–9. Havaizo tambudzwa nemarwadzo erufu kana kusuwa, **3 Ni.** 28:7–9. Vachawana kuzara kwefararo, **3 Ni.** 28:10. Vakanga vakabatawa kudenga kwenguva pfupi, **3 Ni.** 28:13–17. Vakashumira vanhu vakashingirira kutambudzwa, **3 Ni.** 28:18–23. Vakashumira Mormoni, **3 Ni.** 28:24–26. (Morm. 8:10–11). Vashumira vaJentairi, maJuda, marudzi akapararira, nemarudzi ose, **3 Ni.** 28:27–29. Satani haana simba kwavari, **3 Ni.** 28:39.

VADZIDZI VECHINIFAI. *Ona*

Vadzidzi Vatatu vechiNifai

VAEFESO, MAGWARO KU.

Onawo Magwaro aPauro; Pauro

MuTestamente Itsva, rugwaro rwakanyorwa neMuapostori Pauro kuVatendi vekuEfeso. Rugwaro urwu rwakakosha kwazvo, nokuti rwune kudzidzisa kwaPauro maererano neChechi yaKristu.

Chitsauko 1 chine kwaziso. Zvitsauko 2–3 zvinotsanangura kupinduka kunoita muvanhu kana vave nhengo dzeChechi—vanove vagari vamwechete neVatendi, nemaJentairi nevaJuda vakabatana muChechi imwechete. Zvitsauko 4–6 zvinotsanangura basa reVaapostori nemaporofita, faniro yekubatana, nefaniro yekupfeka nguwu yehondo yose yaMwari.

VAFARISE. *Onawo* MaJuda

MuTestamente Itsva, chikwata chainamata mukati maJuda zita ravo richireva kuve vakatsaukana kana kusiyana. VaFarise vaizvikudza pamusana pekutevedza mutemo waMosesi nemazvo vachisiya chose chaive chinezvakuita nemaJentairi. Vaitenda muupenyu hunotevera mushure merufu, kumuka kuvakafa, nekuveko kwengirozi nemweya. Vaitenda kuti mutemo unotaurwa netsika zvakanga zvakangokosha semitemo yakanyorwa. Dzidziso dzavo dzakadzikisa chitendero kuti chingove kuchengetedza kwemirau nekuzvikudza pamweya. Vakakonzerwa vazhinji vemaJuda kuka-

hadzika pamusoro paKristu nevhangeri rake. Ishe vakatuka vaFarise nemabasa avo muna Mateo 23; Marko 7:1–23; naRuka 11:37–44.

VAFIRIPI, MAGWARO KU. *Onawo* Magwaro aPauro; Pauro

Tsamba iyo yakanyorwa naPauro kuVatendi muFiripo iye ari mutirongo kuRoma kwenguva yekutanga. Iye zvino yave bhuku revaFiripi muTestamente Itsva.

Chitsauko 1 chine kukwazisa nokuraira kwake pamusoro pekubatana, kupfava, nokushingirira. Chitsauko 2 chinosisimbisa kuti vose vachakotama kuna Kristu nokuti munhu ega-ega anofanirwa kushandira ruponeso rwake ega. Muchitsauko 3, Pauro akatsanangura kuti akapira zvinhu zvose pamusana paKristu. Muchitsauko 4, Pauro akatenda Vatendi vevaFiripi pamusoro peruyamuro rwavo.

VAFIRISTIA

MuTestamente yaKare, rudzi rwakabva kuKaftori pakutanga (Amosi 9:7) uyezve vakasvikogara mudunhu rakapfuma pedyo nemahombekombe eMediterenieni kubvira kuJopa kusvika kugwenga reEgipita mazuva Abrahama asati avepo (Gen. 21:32). Kwemakore mazhinji paive nekurwisana pakati pevaFiristia nemaIsraeri. Pekupedzisira Parastina, zita renyika yevaFiristia, kwakave ndikokudaidzwa kwaizivikanwa kwedunhu rose reNyika Tsvene.

Israeri yakanga yave muusungwa nevaFiristia kwemakumi mana emakore, **Vat.** 13:1. Samsoni akarwisa vaFiristia, **Vat.** 13–16. Goriati aive muFiristia weGadi, **I Sam.** 17. Davidi akakunda vaFiristia, **I Sam.** 19:8.

VAGARATIA, MAGWARO KU.

Onawo Pauro; Magwaro aPauro

Bhuku riri muTestamente Itsva. Raive pakutanga tsamba iyo Muapostori Pauro akanyorera kuVatendi vaigara munyika yose yeGaratia. Musoro wetsamba iyi unoti rusununguko

rwechokwadi rwunogona kuwanikwa chete mukugara muvhangeri raJesu Kristu. Kana Vatendi vakatora kudzidzisa kwemaKristu echijuda avo vaioomerera pakuchengetedza murau waMosesi, vaidimburira kana kuparadza rusununguko rwavakanga vawana munaKristu. Mugwaro Pauro akanyatoratidza paamire seMuapositori, akatsanangura dzidziso yekururama nerutendo, uye akatsigira kukosha kwechitendero chemweya.

Muzvitsauko 1 ne2, Pauro aidemba pamusoro penhau dzaakanga atambira dzekurasika pakati pemaGaratia akaisa pachena nzvimbo yake pakati peVaapositori. Zvitsauko 3 ne4 zvinokurukura nezvedzidziso yerutendo nemabasa. Zvitsauko 5 ne6 zvine mharidzo yezvinhu zvinoitika zvichibva mudzidziso yekutenda.

VAHEBERU, MAGWARO KU.

Onawo Pauro; Magwaro aPauro

Bhuku riri muTestamente Itsva. Pauro akanyora tsamba iyi kumaJuda aive nhengo dzeChechi kuvanyengetedza zvikuru kuti zvinokosha zvemurau waMosesi zvakanga vazadzikiswa muna Kristu nokuti murau wevhangeri uri pamusoro waKristu wakanga watsiva. Pauro paakadzokera kuJerusarema mukupera kwerwendo rwake rwechitatu (kunana 60 Kristu azvarwa), akaona kuti vazhinji vaJuda nhengo dzeChechi vakanga vachiri kuti kwatikwati nemurau waMosesi (Mabasa 21:20). Izvi zvaive tingati gumi remakore mushure memusangano weChechi kuJerusarema waiti izvo zvimwe zvezvisungo zvemurau waMosesi hazvisisina basa muruponeso rwemaKristu echijentairi. Zvakadaro, mushure imo Pauro akanyorera kuva Heberu kuvaratidza nemagwaro matsvene avo nokunyatsoisa zvinhu pachena chikonzero chekuti havachafanira kushanda nemurau waMosesi.

Zvitsauko 1 ne2 zvinotsanangura kuti Jesu mukuru kupfuura ngirozi. Zvitsauko 3-7 zvinoenzanisa Jesu kuna Mosesi nokumurau waMosesi

uye zvichipupura kuti mukuru kwazviri zviri zviviri. Zvinodzidzisawo kuti Hupirisita hwaMerkizedeki hukuru kune hwaAroni. Zvitsauko 8-9 zvinotsanangura kuti zvisungo zvaMosesi zvakagadzirira vanhu sei mharidzo yaKristu nokutiwo sei Kristu ari munyai wechibvumirano chitsva (Aru. 37:38-45; D&Z 84:21-24). Chitsauko 10 chinonyengetedza kushanda nesimba norutendo. Chitsauko 11 ihurukuro pamusoro perutendo. Chitsauko 12 chinopa kutsiura nokukwazisa. Chitsauko 13 chinotsanangura kuti muchato unokudzwa sei nokukosha kwekuteerera.

VAKADZI. *Ona* Mukadzi

VAKAFA, RUPONESO RWE. *Ona*
Ruponeso rwevakafa

VAKASARUDZWA

Vakasarudzwa ndeavo vanoda Mwari nemwoyo yavo yose uye vachigara upenyu hunofadza kwaari. Avo vanogara upenyu ihwohwo hwehudzidzi rimwe zuva vachazosarudzwa naIshe kuti vave pakati pevana vake vaakasarudza.

Dai zvakanisika, vachanyengedza vakasarudzwa chaivo, **Mat.** 24:24. Johane akafara nokuti vana vemudzimai akasarudzwa vaive pachokwadi uye vaine rutendo, **II Joh.** 1. Zvitadzo zvako zvaregererwa, uye iwe wave mudzimari akasarudzwa, **D&Z** 25:3. Vakasarudzwa vangu vanonzwa izwi rangu uye havaomesi mwoyo yavo, **D&Z** 29:7. Kana naizvozvo ndichangandidza vakasarudzwa vangu kubva kumativi mana enyika, **D&Z** 33:6. Magwaro matsvene achapihwa kuitira ruponeso rwevakasarudzwa vangu, **D&Z** 35:20-21. Avo vanokudza mabasa ehupirisita vachave vakasarudzwa naMwari, **D&Z** 84:33-34. Kuitira vakasarudzwa, mazuva ematambudziko achapfupikiswa, **JS—Mat.** 1:20.

VAKORINTE, MAGWARO KU.

Onawo Magwaro aPauro; Pauro

Mabhuku maviri muTestamente Itsva. Aive pakutanga tsamba dzakanyorwa

naPauro kuVatendi muKorinte kugadziridza bvonga-bvonga raive pakati pavo. vaKorinte vakange vagere muvane vakanga vaine hunhu hwakaipa.

VaKorinte Vekutanga: Chitsauko 1 chine kukwazisa kwaPauro nemazwi ekute-nda. Zvitsauko 2-6 ndezvekugadzirisa kwaPauro kutadza kweVatendi vevaKorinte. Zvitsauko 7-12 zvine Mhinduro dzaPauro kune zvimwe zvaibvunzwa. Zvitsauko 13-15 zvine zverudo, zvipo zvemweya, nekumuka kuvakafa. Chitsauko 16 chine kuraira kwaPauro kuti mirai makasimba murutendo.

VaKorinte Vechipiri: Chitsauko 1 chine kukwazisa kwaPauro nemazwi ekute-nda. Chitsauko 2 chine mazwi ekuraira Tito. Zvitsauko 3-7 zvinotaura nezvesimba revhangeri muopenyu hweVatendi nevatungamiri vavo. Zvitsauko 8-9 zvinoraira Vatendi kuti vave vakafaranuka mukupa kuvarombo. Zvitsauko 10-12 zvinotaura nezvenzvimbo yaPauro seMuapositori. Chitsauko 13 chinotsiura kuti tive vakarurama.

VAKORONIKE

Mabhuku maviri ari muTestamente yaKare. Anopa rungano rwupfupi rwezvinhu kubvira paKusika kusvika muchiziviso cheKoreshi chakabvumira kuti maJuda adzokere kuJerusarema.

Vakoronike Vekutanga: Zvitsauko 1-9 zvine nhorondo yekubva kuna Adama kusvika kuna Sauro. Chitsauko 10 chinonyora nezverufu rwaSauro. Zvitsauko 11-22 zvinotevedza zvakaitika zvinechekuita nezvekutonga kwaDavidi. Zvitsauko 23-27 zvinotsanangura kuti Soromoni akaitwa mambo uye maRevi akarongwa. Chitsauko 28 chinotsanangura kuti Davidi akaraira Soromoni kuti avake temberi. Chitsauko 29 chine zverufu rwaDavidi.

Vakoronike Vechipiri: Zvitsauko 1-9 zvinotevedza zvinhu zvekutonga kwaSoromoni. Zvitsauko 10-12 zvinotaura nezvekutonga kwemwanakomana waSoromoni Rehoboami, munguva iyoyo ndipo pakapatsanurwa umambo hwakanga hwakabatana hweIsraeri,

hwakapatsanurwa muumambo hweku-chamhembe nehwekumaodzanyemba. Zvitsauko 13-36 zvinotsanangura kutonga kwemadzishe akasiyana-siyana kusvika pakutapwa kweumambo hwaJuda naNebukadnezari. Bhuku iri rinopedzisa negwaro raKoreshi raiti vana vaJuda vakanga vakatapwa van-gachidzokera kuJerusarema.

VAKOROSE, MAGWARO KU.

Onawo Magwaro aPauro; Pauro

Bhuku riri muTestamente Itsva. Pakutanga raive tsamba iyo Muapositori Pauro yaakanyora kuvaKorose mushure mekunge ashanyirwa naEpafrasi, muvhangeri weChechi muKorose (VaKoro. 1:7-8). Epafrasi akataurira Pauro kuti vaKorose vakanga varikuwira mukukanganisa kwakaipa kwazvo—vaifunga kuti vaivenani kune vamwe vanhu nokuti vakange vakachenjerera kutarisa zvimwe zvisungo zvekunze (VaKoro. 2:16), vachizvinyima zvimwe zvinhu zvenyama, uye vachinamata ngirozi (VaKoro. 2:18). Uku kuita kwakaita kuti vaKorose vanzwe sevari kucheneswa. Vainzwawo sevainzwisisa zvakavandika zvenyika kupfuura dzimwe nhengo dzeChechi. Mutsamba yake, Pauro akavagadziridza nekuvadzidzisa kuti kusunungurwa kunouya chete nemuna Kristu nokuti takafanira kungwara zve tomushandira.

Chitsauko 1 kukwazisa kwaPauro kuvaKorose. Zvitsauko 2-3 zvidzidzo uye zvine mazwi epamusoro paKristu seMununuri, ngozi yechinamato chemanyepo, nokukosha kwekumuka kuvakafa. Chitsauko 4 chinodzidzisa kuti Vatendi vave vakangwara muzvinhu zvose.

VANA. *Onawo* Dzikinura;

- Kudavira; Kuropafadza—
- Kuropafadzwa kwevana; Mhuri;
- Rubhabhatidzo rwepwere;
- Ruponeso—Ruponeso rwevana

Munhu mudiki, asati asvika pekuputudza kana kushamba. Madzibaba nemadzimai anofanira kudzidzisa vana vavo kuteerera chido chaMwari. Vana

havana chitema kudakara vasvika zera rekuzvifungira (Moro. 8:22; D&Z 68:27).

Vana inhaka inobva kuna Ishe, **Mpi.** 127:3–5. Dzidzisa mwana munzira yaanofanira kuenda, **Zir.** 22:6. Regai vana vadiki, uye musavarambidze kuuya Kwandiri, **Mat.** 19:14. Teererai vabereki venyu, **VaE.** 6:1–3 (VaKoro. 3:20). Pasi-na kupunzika, Adama naEva vangadai vasina kuve nevana, **2 Ni.** 2:22–23. Dzidzisa vana kufamba muchokwadi uye nekungwarira, **Mosaya** 4:14–15. Vana vadiki vane upenyu hwokusingaperi, **Mosaya** 15:25. Jesu akatora vana vadiki uye akavaropafadza, **3 Ni.** 17:21. Vose vana venyu vachadzidziswa na-Ishe, uye runyararo rwevana venyu rwuchave rwukuru, **3 Ni.** 22:13 (Isa. 54:13). Vana vadiki havadi rutendeuko kana rubhabhatidzo, **Moro.** 8:8–24. Vana vadiki vanosunungurwa kubvira pahwaro hwenyika kuburikidza newangu Mumwechete Akaberekwa, **D&Z** 29:46–47. Vabereki vakafanira kudzidzisa vana misimboti yevhangeri nekuitevedza, **D&Z** 68:25, 27–28. Vana vatsvene kuburikidza nerudzikinuro rwaKristu, **D&Z** 74:7. Vabereki vanoudzwa kuti vakudze vana vavo muchiedza nechokwadi, **D&Z** 93:40. Vana vanofa vasati vave zera rekuzvifungira vanoponeswa muumambo hweseresitiyaro, **D&Z** 137:10.

VANA VAKRISTU. *Onawo* Akaberekwa; Jesu Kristu; Kuberekwa naMwari, Kuberekwa patsva; Vanakomana neVanasikana vaMwari Avo vakagashira vhangeri raJesu Kristu.

Ani zvake achazvirereka semwana mudiki ndiye mukuru-kuru, **Mat.** 18:1–4. Tendai muchiedza kuti muve vana vechiedza, **Joh.** 12:36. Bvisa munhu wenyama uve semwana, **Mosaya** 3:19; 27:25–26. Pamusana pechibvumirano muchadaidzwa kuti vana vaKristu, **Mosaya** 5:7. Kana mukagona kubatisa chose chinhu chakanaka, zvironkwa-zvo muchave mwana waKristu, **Moro.** 7:19. Sevazhinji vakandigashira, nda-

kavapa simba rekuti vave vana vangu, **D&Z** 39:4. Musatye, vana vadiki, nokuti muri vangu, **D&Z** 50:40–41. Uri mumwechete mandiri, mwanakomana vaMwari, **Mosaya** 6:68.

VANA VAMWARI. *Ona* Munhu; Vanakomana neVanasikana vaMwari

VANA VAISRAERI. *Ona* Israeri

VANAKOMANA NEVANASIKANA VAMWARI. *Onawo* Akaberekwa; Dzikinura; Kuberekwa naMwari, Kuberekwa patsva; Munhu; Vana vaKristu

Magwaro matsvene anoshandisa mazwi aya nenzira mbiri. Munemamwe mazwiro, tose tiri chaizvoizvo vana vemweya vaBaba vedu Vekudenga. Mune imwe pfungwa, vanakomana nevanasikana vaMwari ndeavo vakaberekwa zvakare kuburikidza nerudzikinuro rwaKristu.

Vana vemweya vaBaba: Muri vamwari, vana veari Pamusoro-soro, **Mpi.** 82:6. Tiri zvizvarwa vaMwari, **Mabasa** 17:29. Ivai pasi paBaba vemweya, **VaH.** 12:9. Ndiri mwanakomana waMwari, **Mos.** 1:13.

Vana vakaberekwa zvakare nemuRudzikinuro: Sevakawanda vakamugamuchira akavapa simba kuti vave vanakomana vaMwari, **Joh.** 1:12 (VaR. 8:14; 3 Ni. 9:17; D&Z 11:30). Zvino tave vana vaMwari, **I Joh.** 3:1–2. Muchadaidzwa kuti vana vaKristu, vanakomana vake nevanasikana vake, **Mosaya** 5:7. Vose vanhu vakafanira kuzvarwa zvakare, vachive vanakomana nevanasikana vake, **Mosaya** 27:25. Vachave vanakomana vangu nevanasikana vangu, **Eta** 3:14. Uchave zvechokwadi mwana waKristu, **Moro.** 7:19. Vose avo vanotambira vhangeri rangu vanakomana nevanasikana, **D&Z** 25:1. Vave vanamwari kunyangwe vanakomana vaMwari, **D&Z** 76:58. Naizvozvo vose vangave vanakomana vangu, **Mos.** 6:68. Vazhinji vakatenda vakave vanakomana vaMwari, **Mos.** 7:1.

VANAKOMANA VAHIRAMANI.*Ona* Hiramani, Vanakomana va**VANAKOMANA VAMOSAYA.***Ona* Mosaya, Vanakomana va**VANAKOMANA VEKURASWA.***Onawo* Chitadzo chisingaregere-
rwe; Dhiabhorosi; Gehena;
Kuraswa; Rufu, rwemweya

Vateveri vaSatani vachatambudzika naye muupenyu husingagume. Vanakomana vekuraswa vanosanganisa (1) avo vakatevera Satani vakandwa kunze kwedenga pamusana pekupanduka muupenyu hwakateverwa nehuno, uye (2) avo vakabvumirwa kuti vaberekerwe munyika vaine miviri yenyama asika vakashandira Satani vakapindikira Mwari zvachose. Avo vari muchikwata chino chechipiri vachamutswa kuvakafa asi havazonunurwa kubva kune rufa rwechipiri (rwemweya) havanga kwandise kugara muumambo hwekubwinya (D&Z 88:32, 35).

Hakuna mumwe wavo akarasika kunze kwemwanakomana wekuraswa, **Joh.** 17:12. Hazvikwanisike kuti vatitwe vatsva zvakare mukutendeuka, **VaH.** 6:4–6 (VaH. 10:26–29). Nyasha hadzina chadzo nemunhu iyeyo uye mhedzisiro yake kutambudzwa kusinamagumo, **Mosaya** 2:36–39. Akaita sekunge kusina rununuro rwakaitwa, **Mosaya** 16:5. Avo vanoramba, zvishamiso zvaKristu kuti wawane zvavanowana vachave semwanakomana wekuraswa, **3 Ni.** 29:7. Havazogashira ruregerero munyika muno kana ichauya, **D&Z** 76:30–34 (D&Z 84:41; 132:27). Ndivo ivavo chete vasingazonunurwa kubva murufu rwechipiri, **D&Z** 76:34–48. Vana vekuraswa vanoramba Mweya Mutsvene mushure mekuutambira, **D&Z** 76:35. Vana vekuraswa vanoramba Mwanakomana mushure mekunge Baba vamuratidza, **D&Z** 76:43. Kaini achadaidzwa kuti Kuraswa, **Mos.** 5:22–26.

VANHU. *Ona* Munhu**VANHU VAKAPINDURWA**

Vanhu vakapindurwa kuti vasazonzwa kurwadza kana rufu kudakara pakumuka kwavo kuvakafa kuenda mukusafa.

Enoki akafamba naMwari: uye haana kuve; nokuti Mwari vakamutura, **Gen.** 5:24 (VaH. 11:5; D&Z 107:48–49). Hapana munhu anoziva nezveguya raMosesi kusvika nhasi, **Deut.** 34:5–6 (Aru. 45:19). Erija akaenda kumusoro nechamupupuri kudenga, **II Madz.** 2:11. Kana dai ndikati ngaagare kudakara ndauya, zvinorevei kwauri? **Joh.** 21:22–23 (D&Z 7:1–3). Hauchazofa wakanzwa rufu, **3 Ni.** 28:7. Kutu vasazoraira rufu kwakave nokupindurwa kwakaiswa pamiviri yavo, **3 Ni.** 28:38 (4 Ni. 1:14; Morm. 8:10–11). Johane Mudikani achararama kudakara Ishe vauya, **D&Z** 7. Ndatora Zioni yaEnoki muchipfuva changu pachangu, **D&Z** 38:4 (Mos. 7:21, 31, 69). Enoki nehama dzake iguta rakachengetedzwa kudakara zuva rekururama, **D&Z** 45:12. Erija akatorwa kuenda kudenga asina kumboravira rufu, **D&Z** 110:13. Mweya Mutsvene wakawira pane vazhinji, vakabatwa kusvika muZioni, **Mos.** 7:27.

VAPUPURI VEBHUKU**RAMORMONI.** *Onawo* Bhuku
raMormoni; Mupupuri

Ishe vakataurira vamwe kunze kweMuporofita Joseph Smith kuti vapupure humwari hweBhuku raMormoni (D&Z 17; 128:20). Onai uchapupu hwevapupuri ava “muchisumo” pamberi peBhuku raMormoni.

Nemashoko evatatu ndichamisa shoko rangu, **2 Ni.** 11:3. Vapupuri vanotakura uchapupu hweshoko rake kuvana vevanhu, **2 Ni.** 27:12–13. Mumiromo yevapupuri vatatu zvinhu izvi zvichamiswa, **Eta** 5:4. Nerutendo Vapupuri Vatatu vachaona mahwendefa, **D&Z** 17.

VAROMA MAGWARO KU. *Onawo*

Pauro; Magwaro aPauro

MuTestamente Itsva, tsamba yakanyorwa naPauro kuVatendi vaive muRoma.

Akanga achifunga kunoshanya kuJerusalem, izvo zvaive pachokwadi kuve ngozi. Kana akapunyuka neupenyu hwake, aitarisira kuti mushure aizoshanyira Roma, Tsamba iyi yainzi kune chimwe chidimbu igadzirire Chechi yaikoko kuti igomugashira kana auya. Ingangotariswa seine zvinyorwa zvedzimwe dzidziso dzakanga dzichiitiranwa nharo uye idzo Pauro dzaaiona zvino dzamiswa.

Chitsauko 1 chine kwaziso yaPauro kuvaRoma. Zvitsauko 2–11 zvinosanganisa zvizhinji zvakatarwa pamusoro pedzidziso yerutendo, mabasa nenyasha. Zvitsauko 12–16 zvine kudzidzisa kwekuita pamusoro perudo, basa, neutsvene.

VASAMARIA. *Onawo* Samaria

Vanhu vemubhaibheri vaigara muSamaria mushure mekunge ushe hwekuchamhembe kwelsraeri hwatorwa nevaAsiria. MaSamaria kumwe vaive maIsraeri kumwe vari maJentairi. Chitendero chavo chaive musanganiswa wechiJuda nezvitendero nezviito zvechi hedheni. Rungano rwemuSamaria Akanaka muna Ruka 10:25–37 rwunoratidza ruvengo urwo rwakange ruwine maJuda kumaSamaria pamusana pekuti maSamaria akanga arasika kubva muchitendero chemaIsraeri. Ishe vakaudza Vaapositori kuti vadzidzise vhangeri kumaSamaria (Mabasa 1:6–8). Firipo akabudirira mukuparidza vhangeri raKristu kuvanhu veSamaria akaita zvishamiso zvakawanda pakati pavo (Mabasa 8:5–39).

VASEDUSE. *Onawo* MaJuda

Chikwata chidiki asi chine simba munyaya dzezvematongerwo enyika mukati memaJuda. Vaizivikanwa kuda kunyanya nerudaviro rwavo rusingatsukunyiki mukuteerera kusvika pekupedzisira murau waMosesi noku-ramba kuvapo kwemweya ngingirozi nedzidziso yekumuka kuvakafa neupenyu hwokusingaperi (Marko 12:18–27; Mabasa 4:1–3; 23:7–8).

VATESARONIKA, MAGWARO

KU. *Onawo* Magwaro aPauro; Pauro

Mabhuku maviri ari mu Testamente Itsva. Dzaive tsamba dzainyorwa pakutanga naPauro kumaTesaronika nguva dzaakange ari muKorinte panguva yekushanya kwake kwekutanga kuEurope zvingangove muna 50 Kristu azvarwa. Basa rake muTesaronika rinotsanangurwa muna Mabasa eVaapositori 17. Pauro aida kudzokera kuTesaronika asi akanga asingakwanise (I Tim. 2:18). Saka akatumira Timotio kuti anotarisa vachangotendeuka agomuunzira shoko rekuti vakange vachizviita sei. Pauro akanyora rugwaro rwekutanga zvichibva mukutenda kwake kudzoka kwaTimotio.

VaTesaronika Vekutanga: Zvitsauko 1–2 zvine kukwazisa kwaPauro nemunamato wake weVatendi; zvitsauko 3–5 zvinopa mirairo yekukura mumweya, rudo, kuzvibata kuva vakaperera, nokuuya kwechipiri kwaJesu Kristu.

VaTesaronika Vechipiri: Chitsauko 1 chine kunamatirwa kwevatendi. Chitsauko 2 chinotaura nezvekuuya kwekurasika. Chitsauko 3 chine munamato waPauro wekubudirira kwebasa revhangeri.

VATONGI, BHUKU RE

Bhuku riri muTestamente yaKare. Bhuku reVatongi riri maererano nezvevaIsraeri kubva pakufa kwaJoshua kusvika mukuberekwa kwaSamueri.

Zvitsauko 1–3 chisumo kubhuku rose reVatongi. Zvinotsanangura kuti pamusana pekuti vaIsraeri havana kuburitsa vavengi vavo (Vat. 1:16–35), vaIsraeri vakafanira kutambudzika: kurasikirwa nerutendo, kuroora vasingadaire, nokunamata zvisfananidzo. Zvitsauko 3–5 zvinotaura nezvakaonekwa naDabora naBaraki, avo vakaponesa vaIsraeri kubva kuma Kanani. Zvitsauko 6–8 zviitiko zvinokurudzira rutendo zvakasangana naGideoni, uyo akaropafadzwa naIshe

kuti abvise maIsraeri kubva kuma-Midiani. Muzvitsauko 9–12, varume vakawanda vakasiyana-siyana vano-shanda sevatongi muIsraeri, kunyanya vari mukurasika uye vari pasi pehudzvinziriri. Zvitsauko 13–16 zvinotaura nezvekusimuka nokupunzika kwemutongi wekupedzisira, Samsoni. Zvitsauko zvekupedzisira, 17–21, zvinogona kutsanangurwa sezvakapamhizirwa izvo zvinoratidza hudzami hwezvitadzo zvelsraeri.

VATUNGAMIRI VAKURU. *Ona*

Bhishopi anotungamira;
Hutungamirii hweKutanga;
Makumi Manomwe; Vaapositori

VENGA. *Ona* Ruvengo

VHANGERI. *Onawo* Dzidziso yaKristu; Hurongwa hwerununuro; Mukuwo

Hurongwa hwaMwari hweruponeso, hwakakwanisika kuburikidza nerudzi-kinuro rwaJesu Kristu. Vhangeri rinosanganisa chokwadi chekusingaperi kana mirau, zvibvumirano, nezvisungo zvinodiwa kurudzi rwevanhu kuti vapiinde zvakare munaMwari. Mwari vakadzorera kuzara kwevhangeri panyika muzana remakore rechigumi nepfumbamwe kuburikidza nekumuporofita Joseph Smith.

Endai imi kunyika yose munoparidza vhangeri, **Marko** 16:15. Zviri pachena zvinokosha zvevhangeri reGwayana zvakasiwa, **1 Ni.** 13:32. Iri ivhangeri rangu, **3 Ni.** 27:13–21 (**D&Z** 39:6). Bhuku raMormoni rine kuzara kwevhangeri, **D&Z** 20:8–9 (**D&Z** 42:12). Iri ndiro vhangeri, **D&Z** 76:40–43. Hupirisita hwaMerkizedeki hunoshandira vhangeri, **D&Z** 84:19. Wose munhu achanzwa kuzara kwevhangeri mururimi rwake, **D&Z** 90:11. Mwanakomana akaparidza vhangeri kumweya yevakafa, **D&Z** 138:18–21, 28–37. Vhangeri rakaparidzwa kubvira pakutanga, **Mos.** 5:58. Mirairo yekutanga nezvisungo zvevhangeri zvinotsanangurwa, **Mis. yeCh.** 1:4.

VHANGERI, KUDZORERWA KWE. *Ona* Kudzorera pakare kwevhangeri

VIMBA. *Onawo* Chivimbo; Rutendo

Kuvimba ne kana kuisa ruvimbo mune mumwe kana chimwe chinhu. Munyanya dzemweya, kuvimba kunosanganisa kuvimba naMwari neMweya wake.

Kana dai akandiuraya, asi ini ndichavimba naye, **Jobo** 13:15. Vimbai naIshe nemwoyo wenyu wose, **Zir.** 3:5. Mwari akaponesa varanda vake avo vaivimba naye, **Dan.** 3:19–28. Ndichavimba nemi nariinhi, **2 Ni.** 4:34. Farai muise kuvimba kwenyu muna Mwari, **Mosaya** 7:19. Ani zvake anoisa ruvimbo rwake muna Mwari vachamutswa muzuva rekupedzisira, **Mosaya** 23:22. Ani zvake achaisa ruvimbo rwake muna Mwari achatsigirwa mukuedzwa kwake, **Aru.** 36:3, 27. Musavimba neruoko rwenyama, **D&Z** 1:19. Isai ruvimbo kune uyo Mweya unotungamirira mukuita zvakakanaka, **D&Z** 11:12. Regai avimbe mandiri haazonyadziswa, **D&Z** 84:116.

VOKUSINGAPERI BABA. *Ona* Baba Vekudenga; Mwari, Musoro hwehuMwari

WHITMER, DAVID

Mumwe mutungamiri wekutanga muChechi yakadzorerwa pakare uye ari mumwe weVapupuri Vatatu vekukosha kwekutanga nechokwadi cheBhuku raMormoni (**D&Z** 14, 17–18). Ishe vakamupa mirairo yavo muna **D&Z** 14 na30:1–4.

WHITMER, JOHN

Mumwe Mutungamiri wekutanga muChechi yakadzorerwa pakare ari mumwe wevapupuri vasere veBhuku raMormoni. Tarisai “Uchapupu hweVapupuri Vasere” mundima dzechisumo muBhuku raMormoni. Akadaidzawo kunoparidza vhangeri (**D&Z** 30:9–11).

WHITMER, PETER, MWANA

Mumwe mutungamiri wekutanga

muChechi yakadzorerwa pakare ari mumwe wevapupuri vasere kuBhuku raMormoni. Tarisai “Uchapupu hweVapupuri Vatsere” mundima dzechisumo muBhuku raMormoni. Ishe vakamupa mirairo ivo pachavo mu D&Z 16 na30:5–8.

WHITNEY, NEWEL K.

Mumwe mutungamiri wekutanga muChechi yakadzorerwa pakare. Newel K. Whitney aive bhishopi muKirtland, Ohio (USA), uye mushure akazoshandanda saBhishopi anotungamira weChechi (D&Z 72:1–8; 104; 117).

WILLIAMS, FREDERICK G.

Mumwe mutungamiri wekutanga muChechi yakadzorerwa pakare akashanda kwechinguva segurukota muhutungamiri hwedare reVapirisita wepamusoro (D&Z 81; 90:6, 19; 102:3).

WOODRUFF, WILFORD. *Onawo*

Chirevo cheChechi—1; Chiziviso

Mutungamiri wechina weChechi zvichitevedza kudzorera pakare kwevhangeri kuburikidza naJoseph Smith. Akaberekwa muna 1807 akafa muna 1898.

Akadaidzwa kuti azotora nzvimbo muDare revaneGumi neVaviri, D&Z 118:6. Aive mukati memweya yakasarudzwa yakachengeterwa kuzouya mukuzara kwenguva, D&Z 138:53. Akatambira chakazarurwa kuti barika muChechi riregerwe, D&Z Chirevo—1.

YAMBIRA, YAMBIRO. *Onawo*

Murindiri

Kuzivisa kana kuchenjedza. Vaporofita, vatungamiri, nevabereki vanoyambira nokudzidzisa vamwe kuti vave vanoterera kuna Ishe nekudzidzisa kwake.

Jakobho akayambira vanhu vaNifai pamusoro perudzi rwose rwechivi, Jak. 3:12. Izwi reyambiro ndere kuvanhu vose, D&Z 1:4. Itai kuti kuparidza kwenyu kuve izwi rekuyambira, D&Z 38:41. Rino izuva rekuyambira, D&Z 63:58. Wose munhu akayambirwa

akafanira kuyambira muvakadzani wake, D&Z 88:81. Ndakakuyambirai, ndikafanokuyambirai, nokukupai iri shoko reungwaru, D&Z 89:4.

YEDZA. *Ona* Chiedzo

YENZANISO. *Onawo* Anetsitsi;

Dzikinura

Kuitika kusingazotadzika kwemakomborero epfungwa nezviito uye kurangwa pamusana pezvitadzo zvisina kutendeukwa. Yenzaniso murawu wokusingaperi uyo unoti kuve nekurangwa nguva yega yega inotyora murau waMwari (Aru. 42:13–24). Mutadzi akafanira kurangwa kana asina kuteudeuka (Mosaya 2:38–39; D&Z 19:17). Kana akatendeuka, Muponesi anoripa murango kuburikidza norudzikinuro, rwunodaidza tsitsi (Aru. 34:16).

Mweya unotadza uchafa, Ezk. 18:4. Chii chinodiwa naIshe kwauri, asi kuti uite zvakanaka? Mika 6:8. Jesu achazaniisa oregerera zvitadzo zvedu, I Joh. 1:9. Yenzaniso yaMwari yakatsaura vakaipa kubva mune vakarurama, 1 Ni. 15:30. Rudzikinuro runogutsa zvinodiwa neruyenzaniso rwake, 2 Ni. 9:26. Wose vanhu akapuzika uye ari mukupfumbatirwa neruyenzaniso, Aru. 42:14. Rudzikinuro rwuno dzora zvinodiwa neruyenzaniso, Aru. 42:15. Munofunga here kuti tsitsi dzingabire ruyenzaniso? Aru. 42:25. Ruyenzaniso rwaMwari rwunoremba pamusoro pako kunze kwekunge watendeuka, Aru. 54:6. Ruyenzaniso nokutonga ndiko kuranga kwakadikwa pamurau wangu, D&Z 82:4. Ruyenzaniso rwakaramba rwuri munzira marwo uye rwuchitora zvarwo, D&Z 88:40. Hakuna asingatwe neruyenzaniso nemirau yaMwari, D&Z 107:84.

YOUNG, BRIGHAM

Muapostori wemazuva ekutanga mu-mukuwo uno wevhangeri ari mutungamiri wepiri weChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Akatungamirira Vatendi kuenda kumadokero kubva muNauvoo, Illinois,

kuenda kuNhika yeSalt Lake uye aka-
nga ari mutori mukuru wenyika ku-
madokero kweUnited States.

Brigham Young akadaidzwa kuti ave
mutungamiri wedare reVaapostitori
vaneGumi neVaviri, **D&Z** 124:127.
Brigham Young akarumbidzwa pamu-
sana pebasa rake nokudaro akabva
aregereswa kufamba achienda mhiri
kwemakungwa, **D&Z** 126. Ishe vaka-
raira Brigham Young kuronga Vatendi
mukufamba kwavo kuenda kumado-
kero, **D&Z** 136. Brigham Young aive
pakati peavo vakasarudzwa munyika
yemweya, **D&Z** 138:53.

ZAKARIA. *Onawo* Erisabete;
Johane Mubapatidzi

MuTestamente Itsva, baba vaJohane
Mubapatidzi. Zakaria aive nebasa
rehupirisita uye aiita basa mutemberi.
Ngirozi Gabrieli yakavimbisa mwa-
nakomana kuna Zakaria nemudzimai
wake Erisabete, **Ruka** 1:5–25 (**D&Z**
27:7). Rurimi rwake rwakasunungu-
rwa, **Ruka** 1:59–79. Zakaria akauraiwa
pakati petemberi nearita, **Mat.** 23:35
(**Ruka** 11:51).

ZARAHEMURA. *Onawo* Amoni;
Mureki

MuBhuku raMormoni, Zarahemura
zvinotaura (1) murume akatungamirira
nyika yaMureki, (2) guta rakadaidzwa
zita rake, (3) dunhu reZarahemura,
kana (4) vanhu vaimutevera.

Zarahemura akafara kuti Ishe vakanga
vatumira maNifai, **Omu.** 1:14. Zarahemura
akapa rungano rwekuzvizvarwa
zvaanababa, **Omu.** 1:18. Amoni aive
wechizvarwa chaZarahemura, **Mosaya**
7:3, 13. Chechi yakavakwa muguta
reZarahemura, **Aru.** 5:2. Pamusana
pevakarurama vakaipa vakaponeswa
muZarahemura, **Hir.** 13:12. Guta re-
Zarahemura rakapiswa pakufa kwa-
Kristu, **3 Ni.** 8:8, 24.

ZEBURUNI. *Onawo* Israeri; Jakobo,
Mwanakomana waIsaka

MuTestamente yaKare, Mwanakoma-
na waJakobo naRea (Gen. 30:19–20).

Rudzi rwaZeburuni: Jakobo akaropafa-
dza rudzi rwaZeburuni (Gen. 49:13).
Rudzi rwaZeburuni rwakabatana na-
Debori naBaraki mukurwisa vavengi
vaIsraeri (Vat. 4:4–6, 10). Vakabatana-
wo naGideoni mukurwisa maMidiani
(Vat. 6:33–35).

ZEDEKIA. *Onawo* Mureki

MuTestamente yaKare, mambo weku-
pedzisira wemaJuda (II Madz. 24:17–
20; 25:2–7). Zedekia akaisa mutirongo
muporofita Jeremia (Jer. 32:1–5), uye
Jeremia akaporofita usungwa hwaZe-
dekia (Jer. 34:2–8, 21). Rihai nemhuri
yake vakagara muJerusarema mugore
rekutanga rekutonga kwaZedekia (1 Ni.
1:4). Vose kunze kwemumwechete
wevanakomana vaZedekia vakaurai-
wa; mwanakomana wake Mureki aka-
punyukira kuMatunhu ekumadokero
(Jer. 52:10; Omu. 1:15; Hir. 8:21).

ZEFANAYA

Muporofita wemuTestamente yaKare
akagara munguva yekutonga kwa-
Josia (639–608 Kristu asati azvarwa).

Bhuku raZefanaya: Chitsauko 1 chinotau-
ra nezvezuva richazadzwa nehasha
nedambudziko. Chitsauko 2 chinotsiura
vanhu vaIsraeri kuti vatsvake kurura-
ma nekupfava. Chitsauko 3 chinotaura
nezveKuuya Kwechipiri, apa marudzi
ose achaungana kuti arwe. Ishe, asika,
vachatonga mukati mavo.

ZEKARIA

Muporofita wemuTestamente yaKare
aiporofita mumakore aana 520 Kristu
asati azvarwa. Akagara nguva imwe-
cheteyo nemuporofita Hagai (Ezra
5:1; 6:14).

Bhuku raZekaria: Bhuku iri rinozivika-
nwa pamusana pezviporofita zvaro
zvemharidzo yaKristu yepano pasi
nekuuya kwake kwechipiri (Zek. 9:9;
11:12–13; 12:10; 13:6). Zvitsauko 1–8
zvine hurongwa hwezviratidzo hwe-
ramangwana revanhu vaMwari. Zvitsau-
ko 9–14 zvine zviratidzo zviri maere-
rano naMesia, Mazuva ekupedzisira,

kuunganidzwa kwaIsraeri, hondo yekupedzisira huru, noKuuya Kwechipiri.

ZENIFI

MuBhuku raMormoni, murume akatungamira chikwata icho chakadzoke-ra kunyika yaNifai; Akazove mambo wavo uye akavatungamira nokururama (Mosaya 9–10).

ZENOKI

Muporofita weIsraeri munguva dze-Testamente yaKare anotaurwa muBhuku raMormoni chete.

Akaporofita nezverufu rwaKristu, **1 Ni.** 19:10. Akataura nezveMwanakomana waMwari, **Aru.** 33:15 (**Aru.** 34:7). Akaurairwa chokwadi, **Aru.** 33:17. Akaporofita maererano nezvekuuya kwaMesia, **Hir.** 8:20.

ZENOSI

Muporofita waIsraeri munguva dze-Testamente yaKare uyo kuporofita kwake maererano nemharidzo yaKristu kunowanika muBhuku raMormoni.

Akaporofita nezvekuvigwa kwaKristu nemazuva matatu erima, **1 Ni.** 19:10, 12. Akafanotaura zvekuunganidzwa kwaIsraeri, **1 Ni.** 19:16. Jakobho anotaura rungano rwaZenosi rwemuorivhi wemumunda newemusango, **Jak.** 5. Jakobho akatsanangura zvirahwe zvaZenosi, **Jak.** 6:1–10. Akadzidzisa zvekunamata nokurumbidza, **Aru.** 33:3–11. Akadzidzisa kuti kununurwa kunouya nekuMwanakomana, **Aru.** 34:7. Akapondwa pamusana pechupupu hwake hunekusatya, **Hir.** 8:19. Akataura pamusoro pekudzorerwa pakare kwemaRamani, **Hir.** 15:11. Akapurira nezvekuparadzwa panguva yerufu rwaKristu, **3 Ni.** 10:15–16.

ZERUBABERI

MuTestamente yaKare, apo Koreshi paakapa mvumo yekuti maJuda adzokere kuParastina, Zerubaberi akaitwa mutongi kana mumiririri wemba yeumambo hwemaJuda. Zita rake rechi-Persia rainzi Sheshibazari (Ezra 1:8).

Akanga ari mukati mekuvaka zvakare temberi muJerusarema (Ezra 3:2, 8; 5:2).

ZIONI. *Onawo* Enoki; Jerusarema Idzva

Vakachena mumwoyo (D&Z 97:21). Zioni zvinoreva kuti nzvimbo iyo inogara vakachena mumwoyo. Guta rakavakwa naEnoki nevanhu vake avo vakazotorwa vakaenda kudenga pamusana pekururama kwavo rakadaidzwa kuti Zioni (D&Z 38:4; Mos. 7:18–21; 69). Mumazuva ekupedzisira guta rinonzi Zioni richavakwa pedyo neRuwa rweJackson, kuMissouri (USA), uko marudzi alsaeri achaungana (D&Z 103:11–22; 133:18). Vatendi vanorairwa kuti vavake Zioni kwose kwavagere munyika.

Guta raDavidi rainzi Zioni, **I Madz.** 8:1. MuZioni muchabva murau, **Isa.** 2:2–3 (**Mika** 4:2; **2 Ni.** 12:2–3). Mununuri achauya kuZioni, **Isa.** 59:20. Tichakutorai mumwechete wemuguta, uye vaviri vemumhuri, uye ndigokuunzai kuZioni, **Jer.** 3:14. Mugomo reZioni nemuJerusarema muchave nokuponeswa, **Joere** 2:32 (**Obad.** 1:17). Vakaropafadzwa avo vachatsvaka kuunza Zioni yangu, **1 Ni.** 13:37. Vanasikana veZioni vanozvida, **2 Ni.** 13:16 (**Isa.** 3:16). Nhamo kune uyo akavaraira muZioni! **2 Ni.** 28:19–25. Tsvakai kuunza uye nokumisa basa reZioni, **D&Z** 6:6 (**D&Z** 11:6). Iye ndiye andafemera kuti afambise basa reZioni musimba guru kune zvakanaka, **D&Z** 21:7. Jerusarema Idzva richadaidzwa kunzi Zioni, **D&Z** 45:66–67. Independence, Missouri, ndiyo nzvimbo yeguta reZioni, **D&Z** 57:1–3. Shamhu inoramba iri pamusoro pevana vaZioni kudakara vati vatendeuka, **D&Z** 84:58. Ishe vakadaidza vanhu vavo kuti Zioni, nokuti vakanga vari vemwoyo mumwechete nepfungwa imwechete, **Mos.** 7:18–19. Zioni (Jerusarema Idzva) richavakwa kunyika yeAmerica, **Mis. yeCh.** 1:10.

ZIPORA. *Onawo* Mosesi

MuTestamente yaKare, mukadzi

waMosesi uye mwanasikana waJetero (Eks. 2:21; 18:2).

ZISO

Mumagwaro matsvene, ziso rinoshandiswa serupawo rwekuti munhu anogona kutambira chiedza chaMwari. Serupawo, ziso remunhu rinoratidzawo zvemweya nokunzwisisa zvinhu zvaMwari.

Murairo waIshe wakachena, unopa chiedza kumaziso, **Mpi.** 19:8. Marema vane maziso asi havaone, **Jer.** 5:21 (Marko 8:18). Chiedza chemuviri iziso, **Mat.** 6:22 (Ruka 11:34; 3 Ni. 13:22; D&Z 88:67). Akaropafadzwa maziso enyu nokuti anoona, **Mat.** 13:16. Maziso ekunzwisisa kwenyu achajekeserwa, **VaE.** 1:17–18. Nhamo kune avo vano-zviona vakangwara mumaziso avo, **2 Ni.** 15:21 (Isa. 5:21). Vakatangana kutsanya nekunamata kuti maziso evanhu avhurike, **Mosaya** 27:22. Satani akapofomadza maziso avo, **3 Ni.** 2:2. Hakuna angawane simba rekuunza Bhuku raMormoni kunze kweziso rakatarisana nekubwinya kwaMwari chete, **Morm.** 8:15. Nesimba reMweya maziso edu akavhurwa kunzwisisa kwedu kukajekeswa, **D&Z** 76:12. Chiedza chiri nemaari uyo anojekesa maziso enyu, **D&Z** 88:11. Kana ziso rako rikave rimwechete mukubwinya kwangu, miviri yenyu yose ichazadzwa nechiedza, **D&Z** 88:67.

ZITA RECHECHI. *Ona* Chechi, zita re; Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira

ZIZIROMU

MuBhuku raMormoni, gweta muguta reAmonaiha. Aruma naAmureki vakaona nemuMweya kuti Ziziromu akanga achinyepa. Zvino akazotendekira kuvhangeri raKristu (Aru. 11:21–46; 15:1–12).

ZODZA. *Onawo* Kuropafadza Vanorwara; Mafuta

Munguva dzekare, vaporofita valshe vaizodza nemafuta avo vaininge vachizoz-

ita mabasa anokosha, sezvakaita Aroni kana vapirisiti kana madzimambo vazizotonga Israeri. MuChechi nhasi uno, kuzodza kudonhedzera donwe kana maviri emafuta akanamatirwa pamusoro pemunhu sechikamu cheropafadzo rinokosha. Izvi zvinogona kuitwa chete pasi pemvumo nesimba reHupirisita hwaMerkizedeki. Mushure mekuzodza, munhu anenge achishanda nemvumo yehupirisita ihwohwo angazarire kuzodza opa chikombore-ro chinokosha opa kune azodzwa.

Vazodzei, uye muvatsaure kuti vagondishandira, **Eks.** 28:41 (Rev. 8:6–12, 30). Muzodzei kuti ave mutungamiri kuvanhu vangu veIsraeri, **I Sam.** 9:16; 10:1. Magosa anodzwa nokuropafadza vanorwara, **Jkb.** 5:14–15 (D&Z 42:44).

ZORAMU

MuBhuku raMormoni, muranda waRabhani akabatana naNifai naRihai kuuya kunyika yechivimbiso (1 Ni. 4:31–38). Pamusana pekuvimbika kwaZoramu, Rihai akamuropafadza pamwechete nevanakomana vaiye Rihai (2 Ni. 1:30–32). Zvizvarwa zvake zvazivikanwa semaZoramumu (Jak. 1:13).

ZORORO. *Onawo* Runyararo; Zuva reSabata

Kuve nerunyararo nerusununguko kubva muzvinetswa nemhere-mhere. Ishe vakavimbisa zororo rakadaro kune vateveri vavo vane rutendo munguva yeupenyu huno. Akavagadzirirawo nzvimbo yezororo muupenyu hunotevera.

Kuvepo kwangu kuchaenda nemi, ndichakupai zororo, **Eks.** 33:14. Uyai kwandiri, mose imi makaremerwa, ndizokupai zororo, **Mat.** 11:28–29. Takashanda kuti vapinde muzororo rake, **Jak.** 1:7 (VaH. 4:1–11). Ani zvake anotendeuka achapinda muzororo rangu, **Aru.** 12:34. Pakanga paine vakawanda zvikuru, avo vakaitwa vachena, vakapinda muzororo raIshe, **Aru.** 13:12–16. Paradiso inzvimbo yekuzororera, **Aru.** 40:12 (Aru. 60:13). Hakuna chakapinda

muzororo ravo kunze kweavo vakasuka nhumbi dzavo muropa rangu, **3 Ni.** 27:19. Taurai kutendeuka kuvanhu ava, kuti mugozorora navo muumambo hwaBaba vangu, **D&Z** 15:6 (D&Z 16:6). Avo vanofa vachazorora kubva kumbasa avo ose, **D&Z** 59:2 (Zvaka. 14:13). Zororo ralshe ndiko kuzara kwekubwinya kwavo, **D&Z** 84:24.

ZUVA RAISHE. *Ona* Kutonga, Kwekapedzisira; Kuuya kwechipiri kwaJesu Kristu; Zuva reSabata

ZUVA RESABATA. *Onawo* Kusika; Zororo

Zuva dzvene rakatsaurwa vhiki rega-rega rekuzorora nokunamata vhiki rega-rega. Mushure mekunge Mwari vasika zvose zvinhu, vakazorora muzuva rechinomwe vakaraira kuti zuva rimwechete muvhiki rega-rega ngarive zuva rekuzorora kuyamura vanhu kumurangarira (Eks. 20:8–11).

Kristu asati amuka kuvakafa, nhengo dzeChechi dzaicherechedza zuva rekupedzisira revhiki seSabata, sezvaiita vaJuda. Mushure mekumuka kuvakafa, nhengo dzeChechi, maJuda kana majentairi, vakacherechedza zuva rekutanga revhiki (zuva ralshe) kurangarira kumuka kwaIshe kuvakafa. Chechi nhasi inoramba ichicherechedza zuva rimwechete pasvondo sezuva dzvene resabata ravanonamata Mwari nokuzorora kubva kumbasa enyika.

Sabata rinoyeuchidza vanhu kuda kwavo kwekudya kwemweya nebasaravo rekuteerera Mwari. Kana rudzi rwukashaya hany'a mukuchengeta Sabata, zvose zvinhu zveupenyu zvinokanganiswa noupenyu hwekunamata hunooro (Neh. 13:15–18; Jer. 17:21–27).

Mwari vakazorora pazuva rechinomwe, **Gen.** 2:1–3. Vana vaIsraeri vakange vasingaunganidze mana musi weSabata, **Eks.** 16:22–30. Rangarirai zuva resabata, riite dzvene, **Eks.** 20:8–11 (Mosaya 13:16–19). Sabata rakapiwa semucherechedzo pakati

paMwari nemunhu, **Eks.** 31:12–17 (Ezk. 20:12, 20). Hatifanire kutenga kana kutengesa musi wesabata, **Neh.** 10:31. Shevedzai sabata semufaro, muchikudza Ishe musinga zviwanire kuzvifadza, **Isa.** 58:13–14. Sabata rakaitirwa munhu kwete kuti munhu akaitirwa sabata, **Marko** 2:23–28. Mwanakomana wemunhu ndiye Ishe vesabata, **Ruka** 6:1–10. Jesu akadzidzisa musinagogo akarapa musi wesabata, **Ruka** 13:10–14. MaNifai vaichengetedza zuva resabata riri dzvene, **Jar.** 1:5. Cherechedzai zuva resabata kuti murichengetedze riri dzvene, **Mosaya** 18:23. Ipai sakaramende dzenyu muzuva rangu dzvene, **D&Z** 59:9–13. Vagari vemuZioni vanofanira kuchechedza zuva resabata, **D&Z** 68:29. Ini, Mwari, ndakazorora muzuva rechinomwe kubva kubasa rangu rose, **Mos.** 3:1–3 (Gen. 2:1–3; Abr. 5:1–3).

ZVAKABATANIDZWA. *Ona* Huranganwa hwemuruvande

ZVAKAGARA ZVAKARONGWA. *Ona* Kufanogadzwa

ZVAKAISWA PACHENA. *Onawo* Zvakazarurwa zvaJohane

Bhuku reZvakazarurwa, bhuku rekupedzisira muTestamente Itsva; rinogona kureva chosa zvacho chinoshamisira chakazarurwa; zvinobva muzwi rechi-Giriki rinoreva kuti “zvakaiswa pachena” kana “zvakaiburitswa.”

ZVAKAVANDIKA ZVAMWARI

Zvakavandika zvaMwari izvokwadi zvemweya zvinozivikanwa chete nokuzarurirwa. Mwari vanoratidza zvakavandika zvavo kune avo vanoteerera kuvhangeri. Zvimwe zvezvakavandika zvaMwari hazvisati zvaratidzwa.

Zvakapiwa kwamuri kuti muzive zvakavandika zveumambo hwokudenga, **Mat.** 13:11. Kana zvazvo ndichinzwisisa zvose zvakavandika uye ndisina rudo, handisi chinhu, **I VaKori.** 13:2. Nifai aive neruzivo rwukuru kwazvo rwezvakavandika zvaMwari, **1 Ni.** 1:1.

Zvinopiwa kuvazhinji kuziva zvakavandika zvaMwari, **Aru.** 12:9. Kune vakadaro kwakapiwa kuziva zvakavandika zvaMwari, **Aru.** 26:22. Izvi zvakavandika hazvisati zvaitwa kuti zvzivikanwe zvakazara kwandiri, **Aru.** 37:11. Kune zvakavandika zvizhinji izvo zvisina munhu anoziva kunze kwaMwari pachake, **Aru.** 40:3. Zvakakura sei zvakavanda zveumwari, **D&Z** 19:10. Kana mukakumbira, muchagashira zvakaiswa pachena uye mugoziva zvakavandika zveumambo, **D&Z** 42:61, 65 (I VaKori. 2:7, 11–14). Uyo anochengetedza mirairo achapiwa zvakavandika zveumambo, **D&Z** 63:23. Kwavari ndicharatidza zvose zvakavandika, **D&Z** 76:7. Hupirisita hukuru hune kiyi yezvakavandika, **D&Z** 84:19. Pakuuya kwavo Ishe vacharatidza zvinhu zvakavandika zvisina munhu anoziva, **D&Z** 101:32–33. Hupirisita hwaMerkizedeki huchave nemukana wekugashira zvakavandika zveumambo, **D&Z** 107:19.

ZVAKAZARURWA. *Onawo*

Chiedza, Chiedza chaKristu;
Huporofita; Izwi; Kuratidzwa
(Chiratidzo); Kurota; Kutunhwa;
Mweya Mutsvene; Shoko raMwari

Kutaura kunobva kunaMwari zvichienda kuvana vavo pano pasi. Zvakazarurwa zvingangouya nemuChiedza chaKristu neMweya Mutsvene nenzira yekufemerwa, zviratidzo, chiroto, kana kushanyirwa nengirozi. Zvakazarurwa zvinopa gwara iro rinotungamira vane rutendo kuruponeso rwokusingaperi mumambo hweseresitiyaro.

Ishe vanoratidza basa ravo kuvaporofita vavo votsinhira kuvadairi kuti zvinozarurirwa kuvaporofita ndezvechokwadi (Amosi 3:7). Kuburikidza nezvakazarurwa Ishe vanopa kutungamira kwemunhu wose uyo anokutsvaka aine rutendo, otendeuka, achiteerera kuvhangeri rafesu Kristu. “Mweya Mutsvene muzaruri,” akadaro Joseph Smith, zve “hakuna munhu angagashire Mweya Mutsvene asingagashire zvakazarurwa.”

MuChechi yaIshe, Hutungamiri hweKutanga neChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri maporofita, vaoni, nevazaruri kuChechi nokunyika. Mutungamiri weChechi ndiye chete Ishe wavakabvumira kugashirira zvakazarurwa zveChechi (**D&Z** 28:2–7). Wose munhu anogona kugashira zvake zvakazarurwa zvinomuyamura iye.

Nezwi rose rinobuda mumuromo walshe munhu anorarama, **Deut.** 8:3 (**Mat.** 4:4; **D&Z** 98:11). Ishe vanotaura nekazwi kadiki kakatsiga, **I Madz.** 19:12. Pasina chiratidzo, vanhu vanoparara, **Zir.** 29:18. Zvirokwazvo Ishe Mwari hapana chavanoita vasina kuratidza zvakavanzika zvavo kuvaranda vavo vaporofita, **Amosi** 3:7. Wakaropafadzwa iwe, Simoni Bar-Jona: noku ti nyama neropa hazvina kuzviratidza kwauri, asi Baba vangu, **Mat.** 16:15–19. Mweya uchakutungamirira muchokwadi chose uye uchikuratidza zvinhu zvichauya, **Joh.** 16:13. Kana ani zvake wenyu asina ungaru, ngakumbire kunaMwari, **Jkb.** 1:5. Zvose zvinhu zvichaburitswa pachena, **2 Ni.** 27:11. Ndichapa kuvana vevanhu mutsetse pamusoro pemutsetse, **2 Ni.** 28:30. Hapana chakavandika chisingazoburitswa pachena, **2 Ni.** 30:17. Mweya Mutsvene ucharatidza kwamuri zvose zvinhu, **2 Ni.** 32:5. Hapana munhu anoziva nzira dzaMwari kunze kokunge zvakazarurwa kwaari, **Jak.** 4:8. Aruma akatsanya akanamatira kuzarurirwa, **Aru.** 5:46. Zvinhu zvisina kumbozarurwa zvichazarurirwa vane rutendo, **Aru.** 26:22. Avo vanoramba zvinozarurwa havazive vhangeri rafesu Kristu uye havanzwisise magwaro matsvene, **Morm.** 9:7–8. Hamugashire chapupu kudakara kuedzwa kwerutendo rwenyu kwapfuura, **Eta.** 12:6. Shoko rangu rose richazadzikiswa, **D&Z** 1:38. Handina kutaura runyararo here mupfungwa yako pamusana penyaya iyi? **D&Z** 6:22–23. Ndichakuudza mupfungwa yako nemumwoyo mako, **D&Z** 8:2–3. Kana zviri izvo ndichaita kuti muchipfuva mako mupise, **D&Z** 9:8.

Musarambe mweya wezvinozururwa, **D&Z** 11:25. Avo vanokumbira vachagashira zvakazarurwa pamusoro pezvakazarurwa, **D&Z** 42:61. Chose zvacho chavachataura vatunhwa neMweya Mutsvene richave shoko ralshe, **D&Z** 68:4. Mwari vachakupai ruzivo, **D&Z** 121:26. Joseph Smith akaona Baba neMwanakomana, **Nh—JS** 1:17. Tinodaira kune zvoze Mwari zvavakazarurwa nezvavachazarura, **Mis. yeCh.** 1:7, 9.

ZVAKAZARURWA ZVAJOHANE.

Onawo Johane, Mwanakomana waZebedi; Zvakaiswa pachena

Bhuku rekupedzisira muTestamente Itsva, rine zvakazarurwa zvakapiwa kuna Johane Muapostori. Akabvumirwa kuona nhoroondo yenyika, kunyanya mazuva ekupedzisira (Zvaka. 1:1–2; 1 Ni. 14:18–27; **D&Z** 77). Zvakazarurwa zvaJohane zvinodaidzwa nokuzivikanwa seZvakaiswa pachena.

Johane akagashira zvakazarurwa izvi muzuva ralshe pachitsuwa chePatmosi (Zvaka. 1:9–10), kunze kwenyika yeAsia, kusiri kure neEfeso. Zuva chairo rekuzaruriwa harizivikanwe.

Makiyi ekunzwisa bhuku akaiswa pamewechete muna 1 Ni. 14:18–27 nemuna **D&Z** 77 (Eta 4:15–16).

Zvitsauko 1–3 musumo kubhuku iri netsamba kuchechi nomwe muAsia. Johane akanyora tsamba idzi kuyamura vatendi kugadzirisa zvimwe zvinetso. Zvitsauko 4–5 zvakanyorwa zviratidzo izvo Johane akatambira zvichiratidza umambo nesimba rakarurama raMwari naKristu. Muzvitsauko 6–9, 11, Johane akanyora achiona bhuku rakanga rakanamwa nenamo nomwe, namo yega yega yakamirira chiuru chimwechete chenhoroondo yenguva fpupi yepasi rino. Zvitsauko izvi zvinobata kunyanya zviitiko zviri munamo yechinomwe (tarisa Zvaka. 8–9, 11:1–15). Chitsauko 10 chinotsanangura bhuku iro Johane raakadya. Bhuku iri rinomiririra rimwe basa raachaita. Chitsauko 12 chakanyorwa chiratidzo chekuipa kwakatanga kudenga apo Satani paakapanduka akabva atandirwa kunze. Hondo iyo

yakatangira ikoko ichiri kurwiwa pano pasi. Muzvitsauko 13, 17–19, Johane akatsanangura umambo hwakaipa hwepano pasi hunotongwa naSatani uye akanyora mhedzisiro yahwo, kusanisa nokuparwadzwa kwokupedzisira kwezvakaipa. Zvitsauko 14–16 zvinotsanangura kururama kweVatendi pakati pekuipa chinguvana Kristu asati auya kechipiri. Zvitsauko 20–22 zvinotsanangura Mereniamu, guta rakanaka rinoyevedza reJerusalem Idzva, nezvinoitika pakupedzisira kwenhoroondo yepasi rino.

ZVEHUPATIRIYAKI. *Ona* Patiriyaki

ZVEMUCHERECHEDZO

Kushandisa chimwe chinhu sechakanana kana chinhu chine chimiro chechimwe. Zvemicherechedzo mumagwaro matsvene zvinoshandisa chinhu chinozivikanwa, chiiitiko, kana zviitiko zvekumirira hurongano kana dzidziso yevhangeri. Semuenzaniso, muporofita Aruma wemuBhuku raMormoni akashandisa mhodzi kumiririra shoko raMwari (Aru. 32).

Vaporofita mumagwaro matsvene ose vaishandisa zviratidzo kudzidzisa nezvaJesusu Kristu. Mimwe yemicherechedzo iyi yaisanganisa mhemberero nezvisungo (Mos. 6:63), mipiro (VaH. 9:11–15; Mos. 5:7–8), sakaramende (Ruka 22:13–20; DJS, Marko 14:20–24), nerubhabhatidzo (VaR. 6:1–6; **D&Z** 128:12–13). Mazhinji emazita ari mubhaibheri ndeemicherechedzo. Mhemberero yemutabernakeri yemuTestamente yaKare nemurau waMosesi zvaimiririra zvokwadi zvekusingapari (VaH. 8–10; Mosaya 13:29–32; Aru. 25:15; Hir. 8:14–15). Semimwe mienzaniso, tarisai Mat. 5:13–16; Joh. 3:14–15; Jak. 4:5; Aru. 37:38–45.

ZVEMUNYIKA. *Onawo* Chisina maturo; Kudada; Mari; Upfumi

Zvido zvisinakururama nekedzwa kutsvaka upfumi hwenyama nezvenyika uku muchisiya zvinhu zvemweya.

Ko munhu achawaneiko kana akawana nyika yose achirasikirwa nemweya wake? **Mat.** 16:26. Vakaisa mwoyo yavo pazvinhu zvisina maturo zvenyika, **Aru.** 4:8 (Aru. 31:27). Isai parutivi zvinhu zvenyika ino, **D&Z** 25:10. Mwoyo yevanhu yakatarisira zvikuru pazvinhu zvepano pasi, **D&Z** 121:35.

ZVENYAMA. *Onawo* Kufadza nyama; Kupunzika kwaAdama naEva; Munhu wenyama

Chimwe chinhu chisiri chemweya; chaizvo-izvo izwi rinogona kushandiswa kureva upenyu kana zvinopfura (D&Z 67:10) kana zvenyika, zvenyama, nezvinofadza nyama (Mosaya 16:10–12).

Kuve nepfungwa yezvenyama rufu, **2 Ni.** 9:39. Dhiabhorosi anokwezvera vanhu mukugadzikana kwenyama, **2 Ni.** 28:21. Vainge vazviona pachavo vari munzvimbo yavo yenyama, **Mosaya** 4:2. Uyo anoramba akashingirira ari munzvimbo yenyama anoramba ari munzvimbo yake yekupunzika, **Mosaya** 16:5. Vose vakafanira kuzvarwa naMwari, vopindurwa kubva munzvimbo yavo yenyama yakapunzika, **Mosaya** 27:25. Rudzi rwevanhu rwakange rwave rwenyama, rwuchifadza nyama, nehudhiabhorosi, **Aru.** 42:10. Avo vanotevedza zvanoda ivo nezvinodiwa munyama vanofanira kupunzika, **D&Z** 3:4. Munhu haangaone Mwari nepfungwa yenyama, **D&Z** 67:10–12. Vanhu vakatanga kuve yenyama, nemakaro, nehudhiabhorosi, **Mos.** 5:13; 6:49.

ZVINOERA. *Ona* Hutsvene; Mutsvene

ZVINOFADZA NYAMA. *Ona* Kufadza Nyama

ZVINONYADZISIRA. *Ona* Hunhu; Hupombwe

ZVINYORWA ZVINOERA. *Onawo* Bhaibheri; Bhuku raMormoni;

Dombo Remutengo Mukuru; Dzidziso neZvibvumirano; Magwaro Matsvene

Mabhuku anozivikanwa, ane simba anoera akaiswa pamwechete. MuChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, mabhuku ezvitevedzwa iwaya anodaidzwa kuti mabasa epawero uye achisanganisa Testamente yaKare neltsva, Bhuku raMormoni, Dzidziso neZvibvumirano, neDombo Remutengo Mukuru.

ZVIPO. *Ona* Kupa Zvipo

ZVIPO ZVEMWEYA. *Onawo* Chipu

Maropafadzo anokosha anopiwa naIshe kuanhu vakakodzera kuvayamara ivo nokuti vaashandise mukuropafadza vamwe. Kuti muvenetsananguro yezvipo zveMweya, verengai Dzidziso neZvibvumirano 46:11–33; I VaKorinte 12:1–12; Moronai 10:8–18.

Shuvira pachokwadi zvipo zvakanyanya kunaka, **I VaKori.** 12:31 (I VaKori. 14:1). MaNifai vakapiwa zvakanwanda zvipo zveMweya, **Aru.** 9:21. Nhamo kune uyo anoti Ishe haachashandi nezvipo kana nesimba reMweya Mutsvene, **3 Ni.** 29:6. Mwari vanopa zvipo kune vakatendeka, **Morm.** 9:7. Zvipo zvinouya neMweya waKristu, **Moro.** 10:17. Kune zvakanwanda zvipo uye kumunhu wega-wega anopiwa chipu neMweya, **D&Z** 46:11. Vatungamiri veChechi vanopiwa simba rekuona zvipo zveMweya, **D&Z** 46:27. Mutungamiri weChechi ane zvipo zvose zvaMwari, **D&Z** 107:92.

ZVIRATIDZO ZVECHECHI YECHOKWADI. *Ona* Chechi, Zviratidzo zvereChokwadi

ZVIRATIDZO ZVENGUVA. *Onawo* Kuuya Kwechipiri kwaJesu Kristu; Mazuva Ekupedzisira; Zviratidzo

Chinhu kana ruzivo urwo Mwari rwanopa kuanhu kuratidza kuti chimwe chinhu chinokosha mubasa ravo

chaitika kana kuti chive pedyo nokuitika. Mumazuva ekupedzisira, zviratidzo zvizhinji nezvekuuya kwechipiri kweMuponesi zvakaporofitwa. Izvi zviratidzo zvinobvumira vanhu vakatendeka kuziva zano raMwari, kuti vayambirwe uye vagadzirire.

Gomo reimba yaIshe richamiswa pamusoro pemakomo, **Isa.** 2:2–3. Ishe vachasimudza mureza uye vougandiza Israeri, **Isa.** 5:26 (2 Ni. 15:26–30). Zuva richasvibiswa uye mwedzi uchaita kuti chiedza chawo chisape nye, **Isa.** 13:10 (Joere 3:15; D&Z 29:14). Vanhu vachadarika murau vagotyora chibvumirano chisingaperi, **Isa.** 24:5. MaNifai vachataura sezwi rinobva muguruva, **Isa.** 29:4 (2 Ni. 27). Israeri ichaunganidzwa nesimba, **Isa.** 49:22–23 (1 Ni. 21:22–23; 3 Ni. 20–21). Mwari vachamisa umambo husingazoparadzwa, **Dan.** 2:44 (D&Z 65:2). Hondo, zviroti, nezviratidzo zvichazotevera neKuuya Kwechipiri, **Joere** 2. Ose marudzi achaungana kurwisa Jerusarema muhondo, **Zek.** 14:2 (Ezk. 38–39). Zuva riri kuuya iro richapisa sebisiro, **Mara.** 4:1 (3 Ni. 25:1; D&Z 133:64; Nh—JS 1:37). Matambudziko makuru achateverwa neKuuya KweChipiri, **Mat.** 24 (JS—Mat. 1). Pauro akatsanangura kurasika nenguva dzenjodzi dzemazuva ekupedzisira, **II Tim.** 3–4. Vaporofita vaviri vachauraiwa vagomutswa kuvakafa muJerusarema, **Zvaka.** 11 (D&Z 77:15). Vhangeri richadzorerwa pakare nekushumira kweNgirozi, **Zvaka.** 14:6–7 (D&Z 13; 27; 110:11–16; 128:8–24). Babironi ichamiswa igopunzika, **Zvaka.** 17–18. Israeri ichaunganidzwa nesimba, **1 Ni.** 21:13–26 (Isa. 49:13–26; 3 Ni. 20–21). Ichi chiratidzo, kuti mugazive nguva, **3 Ni.** 21:1. Bhuku raMormoni richauya pamusana pesimba raMwari, **Morm.** 8. MaRamani vachatungira, **D&Z** 49:24–25. Vakaipa vachaponda vakaipa, **D&Z** 63:32–35 (Zvaka. 9). Hondo ichadira pamusoro pemarudzi ose, **D&Z** 87:2. Zviratidzo, mhirizhanga yezviumbiswa, nengirozi zvinogadzirira kuuya Kwa-

Ishe, **D&Z** 88:86–94. Rima richafukidza nyika, **D&Z** 112:23–24. Ishe vakaudza vatendi kuti vagadzirire Kuuya KweChipiri, **D&Z** 133.

ZVIRATIDZO ZVEKUZVARWA NEKUFA KWAJESU KRISTU.

Onawo Jesu Kristu

Zviitiko zvaifambidzana nekuzvarwa nekufa kwaJesu Kristu.

Kuzvarwa: Mhandara ichabata pamuviri igobereka mwana mukomana, **Isa.** 7:14. MuBetrehema muchauya mutongi muIsraeri, **Mika** 5:2. Samueri muRamani akaporofita zuva, usiku, nezuva rechiedza; nyenyedzi itsva; nezvimwe zviratidzo, **Hir.** 14:2–6. Zviratidzo izvi zvakazadzikiswa, **3 Ni.** 1:15–21.

Rufu: Samueri muramani akaporofita rima, mabhanan'na nemheni, nekuzunguzuka kwenyika, **Hir.** 14:20–27. Zviratidzo zvakazadzikiswa, **3 Ni.** 8:5–23.

ZVISINA HUTSVENE. *Ona*

Kushaya huMwari

ZVISUNGO. *Onawo* Kusunga;

Nhoroondo yezvizvarwa;

Ruponeso; Ruponeso rwevakafa;

Temberi, Imba yaIshe

Zvirango zvinoera. Zvisungo zvine mabasa anoreva zvevweya. Zvisungo zvinogona kurevawo mirau nemhiko dzaMwari.

Zvisungo muChechi zvinosanganisa kushandira vanorwara (Jkb. 5:14–15), kuropafadza sakaramende (D&Z 20:77, 79), kubhabhatidza kwekunyudza (Mat. 3:15; D&Z 20:72–74). Kuropafadza vana (D&Z 20:70), kupa Mweya Mutsvene (D&Z 20:68; 33:15), kugadza hupirisi-ta (D&Z 84:6–16; 107:41–52), zvisungo zveTemberi (D&Z 124:39), nemuchato muchibvumirano chitsva uye chisingaperi (D&Z 132:19–20).

Vadzidzisei zvisungo nemirau, **Eks.** 18:20. Fambai munzira dzangu, uye muchengete zvisungo zvangu, **Ezk.** 11:20. Vanhu vakanga vakaoma mukucheredzwa zvisungo zvaMwari, **Aru.** 30:3. Zvinotiyamurei kuti takachengeta

zvisungo zvake? **3 Ni.** 24:13–14. Uyo anonamata ari akatyoka anobvumwa neni kana akateerera zvisungo zvangu, **D&Z** 52:14–19. Ose marudzi evanhu angapone, nokuteerera kumitemo nezvisungo zveVhangeri, **Mis. yeCh.** 1:3.

Zvisungo zvinoitirwa vamwe: Chisungo chekunamata chinoitwa nemunhu mupenyu achiitira mumwe akafa. Zvisungo izvi zvinoshanda chete kana avo vaitirwa zvisungo izvi vazvibvuma, vochengeta zvibvumirano zvirimaererano navo, uye vagosungwa neMweya Mutsvene weChivimbiso. Zvisungo zvakadai zvinoitwa nhasi mumatemberi.

Vachaita sei avo vanobhabhatidzirwa vakafa, kana vakafa vakasamuka

zvachose? **I VaKori.** 15:29. Kubhabhatidzwa kwevakafa kunoitirwa mumatemberi, **D&Z** 124:29–36. Mweya iri munyika yemweya yakadzidziswa nezvekubhabhatidzirwa vamwe kuti zvitadzo zvibviswe, **D&Z** 138:29–34.

ZVIVIMBISO

ZVEMAKOMBORERO. *Onawo*

Mharidzo paGomo

Zvidzidziso zvaJesu zvaakapa muMharidzo yepaGomo zvinotsanangura hunhu hwakatsetseka hwemweya (Mat. 5:3–12; Ruka 6:20–23). Zvivimbiso zve-makomborero zvakarongwa nenzira inoita kuti mutsetse wega-wega unovaka panewatanga. Zvimwe zvivimbiso zve-makomborero zvakakwana zvinowanikwa muna 3 Nifai 12.

ZVAKASARUDZWA KUBVA MUDUDZIRO YAJOSEPH SMITH YEBHAIBHERI

Zvinotevera zvidimbu zvakasarudzwa kubva muDudziro yaJoseph Smith yeBhaibheri rakaduzirwa naMambo Jemisi (DJS). Ishe vakafemera Muporofita Joseph Smith kuti adzorere chokwadi kuzvinyorwa zvemuBhaibheri izvo zvakange zvaraswa kana zvakanga zvashandurwa kubvira kunyorwa kwemazwi ekutanga. Chokwadi chakadzorerwa ichi chakajekesa dzidziso uye nokupamhidzira nzwisiso yemagwaro matsvene. Zvidimbu zvakasarudzwa kuiswa muNhungamiri zvinobatsira kuwedzera nzwisiso yako yemagwaro matsvene zvisinei kuti mutauro upi wazvakadudzirwa nawo.

Pamusana pekuti Ishe vakazarurira kuna Joseph chimwe chokwadi chakanga chambonyorwa nevanyori vekutanga, Dudziro yaJoseph Smith haina kufanana nedzimwe dudziro dzeBhaibheri pasi pano. Nokudaro izwi rokuti *dudziro* rinoshandiswa nenzira yakadzama uye yakasiyana neyatajaira, nokuti dudziro yaJoseph yakanga iri zvakazarurwa kupfuura kududzira kubva mune mumwe mutauro uchisa mune mumwe mutauro. Kana muchida kuziva zvakanwanda nezve DJS, ona “Dudziro yaJoseph Smith (DJS)” pakanyorwa misoro yenhaurwa muNhungamiri.

Muenzaniso unotevera unoratidza zvakanwanda nezvakasarudzwa kubva kuDJS:

Izvi zvamunotarisa zvakanyorwa namavara makobvu ndicho chidimu chiri mududziro yaJoseph Smith yeBhaibheri raMambo Jemisi. Pamusana pekuti dudziro yake yakadzorerwa mazwi muzvinyorwa zvemubhaibheri, nhamba dzendima diki dzingangosiyana nedzemuBhuku rauri kushandisa.

DJS Mateo 4:1, 5–6, 8–9 (enzanisa Mateo 4:1, 5–6, 8–9; zvakafana nezvakashandurwa muna Ruka 4:2, 5–11)

(Jesu akatungamirwa neMweya, kwete naSatani.)

1 Zvino Jesu akatungamirwa neMweya, kuenda murenje, kuti ave naMwari.

5 Zvino Jesu akatorwa akaendwa naye muguta dzvene, uye Mweya ukamuisa panharire yetemberi.

6 Zvino dhiabhorosi akauya kwaari uye akati, Kana uri Mwanakomana waMwari, zvikande pasi: nokuti zvakanyorwa kunzi, Vachapa ngirozi dzavo hutariri pamusoro pako: uye mumaoko adzo dzichakusimudza, kuti panguva ipi zvayo usarovere rutsoka rwako padombo.

8 Uye zvakare, Jesu akanga ari muMweya, uye ukamutora ukamukwidza mugomo rakareba zvikuru, uye ukamuratidza humambo hwise hwepasi nokubwinya kwahwo.

9 Uye dhiabhorosi akauya kwaari zvakare, uye akati, Zvose zvinhu izvi ndinokupa, kana ukawira pasi uye ukandinamata.

Zvakakomberedzwa ndizvo zviri muBhaibheri rako zvaunofanira kuyenzanisa nekududzira kwaJoseph Smith.

Mazwi aya anotsangura kuti ndeipi dzidziso yakajekeswa naJoseph Smith, muduziro yake.

Izvi ndizvo zvinorwa sekududzirwa kwazvakaitwa naJoseph Smith.

DJS, Genesi 9:10–15 (enzanisa Genesi 9:3–9)

(Munhu anosungirwa kuzvita urira pamusoro pekuponda uyerwo nokuparadza upenyu hwemhuka.)

10 Asi, ropa renyama yose iyo yandakakupa yekudya, richadeurwa pamusoro pevhu, iro rinotora upenyu hwayo, uye ropa musazoridya.

11 Uye chokwadi, ropa harizodeurwa, kunze kwekudya chete, kunoraramisa upenyu hwenyu; uye ropa remhuka yose ndicharida pamaoko enyu.

12 Uye ani zvake anodeura ropa remunhu, nemunhu ropa rake richadeurwawo; nokuti munhu haachazodeura ropa remunhu.

13 Nokuti ndinokupa murairo, kuti yose hama yemunhu ichachengetedza upenyu hwemunhu, nokuti mufanidzo wangu ndakaita munhu.

14 Uye murairo ndinopa kwauri, Ivai nezvibereko uye muwande; unzai vaka-wanda panyika, uye muwande imomo.

15 Uye Mwari vakataura kuna Noa, uye nekuvanakomana vake vaaive navo, vachiti, Uye ini, tarisai, ndichamisa chibvumirano changu newe, icho chandakaita kuna baba vako Enoki, pamusoro pembeu yako shure kwako.

DJS, Genesi 9:21–25 (enzanisa Genesi 9:16–17)

(Mutwi wakaiswa mudenga sechiyeuchidzo chechibvumirano chaMwari kuna Enoki nekuna Noa. Mumazuva ekupedzisira kuungana kwevose vechechi yeDangwe [Zioni yaShe munguva dzaEnoki; ona Mosesi 7] vachasangana nevakarurama vari pasi.)

21 Uye mutwi uchave mumakore; uye ini ndichatarisa pahuri, kuti ndigoyeuka chibvumirano chisingapere, icho chandakaita kuna baba vako Enoki; kuti, kana vanhu vachichenge-ta yose mirairo yangu, Zioni inouya zvakare panyika, Guta raEnoki iro randasimudzira kwandiri.

22 Uye ichi ndicho chibvumirano changu chisingapere, kuti apo vana vako vachagumbatira chokwadi, uye

vachitarisa kumusoro, ipapo Zioni ichatarisa pasi, uye matenga ose achazunguzika nokufara, uye pasi richadederedera nemufaro;

23 Uye gungano revose vechechi yedangwe richauya pasi kubva kudenga, uye rotora nyika, uye richavepo kudakara magumo auya. Uye icho ndicho chibvumirano changu chisingapere, icho chandakaita nababa vako Enoki.

24 Uye huta huchave mugore, uye ndichamisa chibvumirano changu kwauri, icho chandakaita pakati pangu newe, kuitira chose chisikwa chenyama chichave pamusoro penyika.

25 Uye Mwari vakati kuna Noa, Ichi ndicho chiratidzo chechibvumirano icho chandamisa pakati pangu newe; cheyose nyama ichave pamusoro penyika.

DJS, Genesi 14:25–40 (enzanisa Genesi 14)

(Hushumiri hukuru kwaMerkizedeki hunotaurwa; masimba nemaropafadzo eHupirisita hwaMerkizedeki anotsanagurwa.)

25 Uye Merkizedeki akasimudza izwi rake uye akaropafadza Abrama.

26 Zvino Merkizedeki aive murume werutendo, aishanda kururama; uye ari mwana mudiki aitya Mwari, uye akamisa miromo yeshumba, uye akadzima hasha dzemoto.

27 Uye nokudaro, ave akabvumwa naMwari, akagadzwa semuhupirisita wepamusoro maererano nehurongwa hwechibvumirano icho Mwari chavakaita naEnoki,

28 Ihwo huri maererano nehurongwa hweMwanakomana waMwari; huri hurongwa hwakauya, kwete nemunhu, kana nokuda kwemunhu; kana nababa kana amai; kwete nekutanga kwemazuva kana kuguma kwemakore; asi kwaMwari;

29 Uye hwakapihwa kuvanhu neku-daidza kwezwi ravo pachavo, maererano nechido chavo, kune vakawanda vaitenda muzita ravo.

30 Nokuti Mwari vakatsidza kuna Enoki uye nokumbeu yake nemhiko yavo pachavo; kuti wose uyo ari kuga-

dzwa maererano nehurongwa uhu nokudaidzwa anofanira kuve nesimba, nerutendo, rwekupaza makomo, nokuganura makungwa, kuomesa mvura, kudzibvisa munzira madzo;

31 Kunyadzisa mawuto emarudzi, kuganura nyika, kudimbura rose joto, kumira pamberi paMwari; kuita zvose zvinhu maererano nekuda kwavo, maererano nekuraira kwavo, kukurira hushu nemasimba; uye izvi nekuda kweMwanakomana waMwari uyo akange ariko hwaro hwenyika husati hwavapo.

32 Uye vanhu vaine rutendo urwu, vachiuuya muhurongwa uhu hwaMwari, havana kufa uye vakatorwa kudenga.

33 Uye zvino, Merkizedeki akanga ari muhupirisita wehurongwa uhu; nokudaro akawana runyararo muSaremi, uye akadaidzwa kuti Jinda rerunyararo.

34 Uye vanhu vake vakashanda kururama, uye vakawana denga, uye vakatsvaga guta raEnoki iro Mwari ravakanga vatora kare, vachiripatsanura kubva panyika, varichengetedzera kumazuva ekupedzisira, kana magumo enyika;

35 Uye akati, uye akatsidza nemhiko, kuti matenga nyenika zvichauya pamwechete; uye vanakomana vaMwari vanofanira kuyedzwa saizvo-zvo nemoto.

36 Uye iyeyu Merkizedeki, ave adzika kururuma, akadaidzwa kunzi mambo wedenga nevanhu vake, kana, nemamwe mazwi, Mambo werunyararo.

37 Uye akasimudza izwi rake, uye akaropafadza Abrama, ari mupirisita wepamusoro, uye muchengeti wemba yekurongedzera zvinhu yaMwari.

38 Uye yeyu uyo akanga asarudzwa naMwari kuti agashire zvegumi zvevarombo.

39 Nokudaro, Abrama aibhadhara kwaari chegumi chezvose zvaakanga ainazvo, zveupfumi hwose hwaave nahwo, uhwo hwaakanga apihwa naMwari kupfuura hwaaida.

40 Uye zvakaikita kuti Mwari vakaropafadza Abrama, uye vakamupa

upfumi, uye nokukudzwa, uye nyika dzive dzake nokusingapere; maererano nechibvumirano chaakanga aita nemaererano nemaropafadzo ayo aakanga aropafadzwa nawo naMerkizedeki.

DJS, Genesi 15:9-12 (enzanisa Genesi 15:1-6)

(Abrahama akaona muchiratidzo Mwanakomana waMwari uye akaziva nezveku-muka kuvakafa.)

9 Uye Abrama akati, Ishe Mwari, mungandipe sei nyika ino senhaka yekusingapere?

10 Uye Ishe vakati, Kana dai wanga wakafa, zvakadaro handikwanise here kuipa kwauri?

11 Uye kana ukafa, zvakadaro uchaiwana, nokuti zuva ririkuuuya, apo Mwanakomana weMunhu achave mupenyu; asi achave mupenyu sei kana asina kufa? anofanira kutanga amutswa.

12 Uye zvakaikita kuti, Abrama akatarisira uye akaona mazuva eMwanakomana weMunhu, uye akafara, mweya wake ukawana zororo, uye akatenda muna Ishe; uye Ishe vakazviverengera kwaari kuti kururama.

DJS, Genesi 17:3-7, 11-12 (enzanisa Genesi 17:3-12)

(Mwari vakamisa chibvumirano chekudzingswa naAbrahama. Chisungo cherubhabhatidzo uye nezera rinosvika vana vadiki mukuzvipindurira zvakazarurirwa kuna Abrahama.)

3 Uye zvakaikita kuti, Abrama akawira pasi nehoso hwake, uye akadaidzira kuzita raIshe.

4 Uye Mwari vakataura naye, achiti, Vanhu vangu varasika kubva pamitemo yangu, uye havana kuchengeta zvisungo zvangu, izvo zvandakapa kumadzibaba avo;

5 Uye havana kucherechedza kuzodza kwangu, nekuvigwa, kana rubhabhatidzo urwo rwandakavataurira;

6 Asi vakasiya murairo, uye vatora pachavo zvekugezeswa kwevana, nepa rekumwaya;

7 Uye vakati ropa reakarurama Aberi

rakadeurirwa zvitadzo; uye havazive kuti ndepapi pavanofanira kuzvidavirira kwandiri.

11 Uye ndichamisa chibvumirano chekudzingiswa newe, uye chichave chibvumirano pakati pangu newe, nembeu yako mushure mako, muzvizarwa zvavo; kuti iwe ugoziva narinhi kuti vana vadiki havana mhosva kwandiri kusvika vave nemakore masere ekubrekwa.

12 Uye uchacherechedza kuchengeta zvose zvbvumirano zvangu izvo zvandakabvumirana nemadzibaba ako; uye uchachengeta mirairo iyo yandakakupa nemuromo wangu, uye ndichave Mwari kwauri nekumbeu yako mushure mako.

DJS, Genesi 17:23 (enzanisa Genesi 17:17)

(Abraham akafara pakataurwa nezve kuzoarwa kwalsaka.)

23 Zvino Abraham akawira pasi nechiso chake uye akafara, uye akati mumwoyo make, Kuchave nemwana achazvarwa kwaari uyo ane zana remakore ekuberekwa, naSara ane makore makumi mapfumbamwe emakore achabereka.

DJS, Genesi 19:9–15 (enzanisa Genesi 19:5–10)

(Roti akaramba kuipa kweSodoma.)

9 Uye vakati kwaari, Mira kure. Uye vakanga vamushatirirwa.

10 Uye pakati pavo, Uyu munhu mumwechete akauya kuzogara mukati medu, uye zvino oda kuzviita mutongi; zvino tichamubata zvakaipa kupfuura avo.

11 Nokudaro vakati kumurume uyu, Tichatora varume, nevanasikana vako zvakare; uye tichaita navo zvatinooona zvakanaka kwatiri.

12 Zvino izvi zvakanga zviriri maererano nekuipa kweSodoma.

13 Uye Roti akati, Tarisai zvino, ndine vanasikana vaviri avo vasati vaziva murume; nderegerei, ndapota, ndikumbire kuhama dzangu kuti ndisavau-

nze kunze kwamuri; uye imi musazoitwa kwavari izvo zvamunooona zvakanaka mumaziso enyu;

14 Nokuti Mwari havazoreverera muranda wavo muchinhu ichi; noku-daro, regai nditaure nehama dzangu, ikaka kamwechete-chete, kuti kuvarume avo musawana chamunoiita. kuti vawane runyararo mumba mangu; nokuti ivo vauya pasi pemumvuri wedenga remba yangu.

15 Uye vakashatirirwa Roti uye vakasvika pekuda kutyora gonhi, asi ngirozi dzaMwari, dzaive varume vatsvene, vakatambanudza maoko avo uye vakadhonzera Roti mumba mavave, uye ndokubva vapfiga gonhi.

DJS, Genesi 48:5–11 (enzanisa Genesi 48:5–6)

(Mbeu yaJosefa ichave vatungamiri mu-kuunganidzwa kweIsraeri mumazuva ekupedzisira.)

5 Uye zvino, nezvevanakomana vako vaviri, Efraimi naManase, avo vakaberekwa kwauri munyika yeEgipita, ndisati ndauya kwauri muEgipita; tarisai, ndevangu, uye Mwari vemadzibaba angu vacharopafadza; kunyangwe saRubeni naSimeoni vacharopafadzwa, nokuti ndevangu; nokudaro vachadaidzwa nezita rangu. (Nokudaro vakadaidzwa kunzi Israeri.)

6 Uye vana vako vauchazvara mushure mavo, vachave vako, uye vachadaidzwa nezita rehama dzavo, munhaka dzavo, mumarudzi; nokudaro vaidaidzwa kuti marudzi aManase naEfraimi.

7 Uye Jakobo akati kuna Josefa, Apo Mwari vemadzibaba angu vakazviratidza kwandiri muRuzi, munyika yeKanani; vakatsidza kwandiri, kuti vaizopa kwandiri, nekumbeu yangu, nyika kuti ive yedu narinhi narinhi.

8 Nokudaro, mwanakomana wangu akandiropafadza mukukukudza kuti uve muranda kwandiri, mukuponesa imba yangu kubva murufu;

9 Mukubvisa vanhu vangu, hama dzangu, munzara yakanga ichirwadza munyika; nokudaro Mwari vemadzibaba ako vachakuropafadza, nezvibereko

zvechiuno chako, kuti vacharopafadzwa kupfuura hama dzako, nokupfuura imba yababa vako.

10 Nokuti iwe wakakunda, nemba yababa vako yakakotama kwauri, kunyangwe sezvazvakaratidzwa kwauri, usati watengeswa kuEgipita nemaoko evakoma vako; nokudaro hama dzako dzichakotama kwauri, kubva kuchizvarwa nechizvarwa, kuzvibereko zvechiuno chako narinhi;

11 Nokuti iwe uchave chiedza kuvanhu vangu, kuvasunungura mumazuva ekusungwa kwavo, kubva muhunhapwa; uye nokuunza ruponiso kwavari, apo vose pavanenge vakotamira pasi nezvitadzo.

DJS, Genesi 50:24–38 (enzanisa

Genesi 50:24–26; onawo 2 Nifai 3)

(Mosesi, Aroni, naJoseph Smith vose vakataurwa muchiporofita chino naJosefa muEgipita. Zvakare Josefa akaporofita kuti Bhuku raMormoni richave shamwari kuzvinyorwa zvaJuda.)

24 Uye Josefa akati kuhama dzake, ini ndinofa, uye ndoenda kumadzibaba angu; uye ndinodzika muguva mangu nomufaro. Mwari vababa vangu Jakobo vave nemi, kuti vakubvisei mudambudziko mumazuva ehusingwa hwenyu; nokuti Ishe vandishanyira, uye ndikawana vimbiso yaIshe, kuti kubva muzvibereko zvemuchiuno changu, Ishe Mwari vachamutsa bazi rakarurama kubva muchiuno changu; uye kwauri, uyo baba vangu Jakobo wakati Israeri, muporofita; (kwete Mesia uyo anonzi Shiro;) uye muporofita uyu achabvisa vanhu vangu muEgipita mumazuva ehusingwa hwenyu.

25 Uye zvichaitika kuti vachapararira zvakare; uye rimwe bazi richapazuka, rigotakurwa kunyika iri kure; zvisinei vacharangerirwa muzvibvumirano zvaIshe, apo pachauya Mesia; nokuti achaburitswa pachena kwavari mumazuva ekupedzisira, muMweya wesimba; uye achavaburitsa murima achavaisa muchiedza; kunze kwerima rakavanzika, nekunze kwemuhusingwa vachienda murusununguko.

26 Muoni achasimudzwa naIshe Mwari vangu, uyo achave muoni akasarudzwa kuzvibereko zvechiuno changu.

27 Vanodaro Ishe Mwari vemadzibaba angu kwandiri, Muoni ndichamusimudza kubva kuzvibereko zvechiuno chako, uye achakudzwa zvikuru mukati mezvibereko zvechiuno chako; uye kwaari ndichapa murairo kuti achaita basa rezvibereko zvechiuno chako, hama dzake.

28 Uye achavaunza kuruzivo rwezvibvumirano izvo zvandakaita nemadzibaba ako; uye achaita ripi zvaro basa randichamutaurira.

29 Uye ndichamuita mukuru mumaziso angu, nokuti achaita basa rangu; uye achave mukuru kufanana neuyo wandati ndichasimudzira kwauri, kuti asunungure vanhu vangu, imba yaIsraeri, wakabuda munyika yeEgipita; nokuti muoni ndichamumutsa kuti aburitse vanhu vangu munyika yeEgipita; uye achadaidzwa kunzi Mosesi. Uye nezita rake achaziva kuti ndewemba yako; nokuti acharerwa nemwanasikana wamambo, uye achadaidzwa kunzi mwanakomana wake.

30 Uye zvakare, muoni ndichamumutsa muzvibereko zvechiuno chako, uye kwaari ndichapa simba rekuunza izwi rangu kumbeu yechiuno chako; uye kwete kuti aunze izwi rangu chete, vanodaro Ishe, asi kuti avapwise pamusoro pezwi rangu, iro richange rafanoenda mukati mavo mumazuva ekupedzisira;

31 Nokudaro zvibereko zvechiuno chako zvichanyora, uye zvibereko zvechiuno chaJuda zvichanyora; nezvibereko zvechiuno chako, uye nezvovo zvichanyorwa nezvibereko zvechiuno chaJuda, zvichakura pamwechete mukunyadzisa dzidziso dzenhema, uye nokunyaradza kupešana, nokuisa runyararo mukati mezvibereko zvechiuno chako, uye nokuvaunza kuruzivo rwemadzibaba avo mumazuva ekupedzisira; uye nokuruzivowo rwezvibvumirano zvangu, vanodaro Ishe.

32 Uye muhuteru achaitwa akasimba, muzuva iroro apo basa rangu richaenda mukati mevanhu vangu vose, iro richavamutsiridza, avo vari vemba yaIsraeri, mumazuva emagumo.

33 Uye muoni iyeye ndichamuropa-fadza, uye vanotsvaga kumuparadza vachanyadziswa; nokuti chivimbiso ichi ndinopa iwe; nokuti ndichakurangira iwe kubva chizvarwa nechizvarwa; uye zita rake richanzi Joseph, uye richave zita rababa vake; uye achafanana newe; nokuti chinhu chichaunzwa naIshe nerwuoko rwake chichaunza vanhu vangu muruponiso.

34 Uye Ishe vakatsidza kuna Josefa kuti vachachengetedza mbeu yake narinhi, vachiti, Ndichamutsa Mosesi, uye tsvimbo ichave murwuoko rwake, uye achaunganidza pamwechete vanhu vangu, uye achavatungamira sehwei, uye acharova mvura yeGungwa Dzvuku netsvimbo.

35 Uye achatonga, uye achanyora izwi raIshe. Uye haazotaura mazwi mazhinji, nokuti ndichamunyorera mutemo wangu nemunwe weruoko rwangu. Uye ndichamuitira munhu anomutaurira, uye zita rake richanzi Aroni.

36 Uye zvichaitwa kwauri mumazuva ekumagumo zvakare, kunyangwe sekutsidza kwandakaita. Nokudaro Josefa akati kuhama dzake, Mwari chokwadi vachakushanyirai, uye vagonoburitsai munyika ino, kukuisai munyika yaakatsidza kuna Abrahamu, uye nekuna Isaka, nekuna Jakobo.

37 Uye Josefa akasimbisa zvimwe zvinhu zvakanwanda kuhama dzake, uye akatora chitsidzo kuvana vaIsraeri, achiti kwavari, Mwari chokwadi vachakushanyirai, uye imi muchatakura mapfupa angu kubva ipapo.

38 Saizvozvo Josefa akafa ave nezana rine gumi remakore ekuberekwa; uye vakamuomesa, uye vakamuisa mubhokisi muEgipita; uye akachengetwa asina kuvigwa nevana vaIsraeri, kuti agozotakurwa uye achinoradzikwa muguva rina baba vake. Uye nokudaro vakayeuka chitsidzo chavakapika kwaari.

DJS, Eksodo 4:21 (enzanisa Eksodo 4:21; 7:3, 13; 9:12; 10:1, 20, 27; 11:10; 14:4, 8, 17; Deuteronomio 2:30)

(Ishe havaziye akakonzera kuoma kwemwoyo waFarao. Onawo DJS, Eksodo 7:3, 13; 9:12; 10:1, 20, 27; 11:10; 14:4, 8, 17; chose chaturwa, kana chakadudzirwa nemazvo, zvinoratidza kuti Farao akaomesa mwoyo wake iye pachake.)

21 Uye Ishe vakati kuna Mosesi, Kana wavakuenda uchidzokera kuEgipita, ona kuti waita zvose zvishamiso pamberi paFarao izvo zvandaisa muruoko rwako, uye ndichakuita kuti ubudirire; asi Farao achaomesa mwoyo wake, uye haazobvumira kuti vanhu vaende.

DJS, Eksodo 18:1 (enzanisa Eksodo 18:1)

(Jetero aive mupirisita wapamusoro.)

1 Apo Jetero, mupirisita wepamusoro weMidiani, tezvara waMosesi, akanzwa zvose zvakanwanda zvaitirwa Mosesi naMwari, uye kuIsraeri vanhu vake, uye kuti Ishe vakange vaburitsa Israeri kubva muEgipita;

DJS, Eksodo 22:18 (enzanisa Eksodo 22:18)

(Mhondi hadzizorarama.)

18 Usazobvumira kuti mhondi irarame.

DJS, Eksodo 33:20, 23 (enzanisa Eksodo 33:20, 23)

(Hapana munhu ane zvitadzo angaone huso hwaMwari akararama.)

20 Uye akati kuna Mosesi, Haungoone huso hwangu panguva ino, potse hashu dzangu dzingatungidzirwe iwe zvakare, uye ndikakuparadza, nevamwe; nokuti hapana munhu pakati pavo achandiona panguva ino, uye akararama, nokuti vazere nezvitadzo zvikuru. Uye hakuna munhu anezvitadzo pane chero nguva, kana kuti pachazove nemunhu anezvitadzo chero pane imwe nguva, achazoonza huso hwangu akararama.

23 Uye ndichabvisa ruwoko rwangu, uye uchaona nzvimbo dzemusana wangu, asi chiso changu hachizoonekwa, sekune dzimwe nguva; nokuti ndakashatirirwa vanhu vangu Israeri.

DJS, Eksodo 34:1-2, 14 (enzanisa

Eksodo 34:1-2, 14; Dzidziso neZvibvimirano 84:21-26)

(*Mabwe echipiri akapihwa kuna Mosesi aive nemitemo urinani kupfuura wekutanga.*)

1 Uye Ishe vakati kuna Mosesi, Tema mamwe matombo maviri, akaita seekutanga, uye ndichanyora paari zvakare, mazwi emutemo, maererano nemanyorerwe awakanga wakaitwa pamatombo ekutanga awakapunza; asi hauzove uri maererano newekutanga, nokuti ndichabvisa hupirisita pakati pavo; nokudaro hurongwa hwangu hutsvene, nezvisungo zvacho, hazvichazoe nda kwavari; nokuti ini handichaenda pakati pavo, potse ndingavaparadze.

2 Asi ndichapa kwavari mutemo sepakutanga, asi uchave maerarano nemutemo wemirairo yenyama; nokuti ndatsidza mukushatirwa kwangu, kuti havapinde pandiri, muzororo rangu, mumazuva ekufamba kwavo. Naizvovzo ita sekukuraira kwandaita, uye uve wakagadzirira, ugouya mangwanani mugomo reSinai, uye uzvirakidze pachako kwandiri, pamusoro pegomo.

(*Jehova raive rimwe zita iro vanhu vemu-Testamente yaKare vaiziva naro Ishe Jesu Kristu.*)

14 Nokuti hamuchazonamata mumwe mwari; nokuti Ishe, vanezita rinonzi Jehova, ndiMwari ane shanje.

DJS, Deuteronomio 10:2 (enzanisa Deuteronomio 10:2)

(*Pamatombo ekutanga Mwari vakaisa pachena chibvumirano chisingapere chehupirisita hutsvene.*)

2 Uye ndichanyora pamatombo mazwi akanga ari pamatombo ekutanga, ayo awakapunza, kunze kwemazwi echibvumirano chisingapere chehupirisita hutsvene, uye iwe uchaaisa muareka.

DJS, I Samuuri 16:14-16, 23

(enzanisa I Samuuri 16:14-16, 23; zvakafana nezvakashandurwa muna I Samuuri 18:10 uye 19:9)

(*Mweya wakaipa wakauya kuna Sauro wakanga usingabve kuna Ishe.*)

14 Asi Mweya waIshe wakabva kuna Sauro, uye mweya wakaipa wakanga usisiri waIshe waimunetsa.

15 Uye varanda vaSauro vakati kwari, Tarisai zvino, mweya wakaipa usiri waMwari uri kukunetsa.

16 Regai Ishe vedu zvino varaire varanda venyu, avo vari pamberi penyu, kuti vatsvake munhu, uyo anehunyanzvi pakuridza marimba; uye zvichaitika kuti, apo mweya wakaipa, usiri waMwari, uri pamuri, acharidza neruoko rwake, uye imi muchave nani.

23 Uye zvakaaitika kuti, apo mweya wakaipa, wakanga usiri waMwari, wave pana Sauro, Davidi akatora marimba, uye akaridza neruoko rwake; nokudaro Sauro akafefeterwa, uye akave nani, uye mweya wakaipa ukabva paari.

DJS, II Samuuri 12:13 (enzanisa II Samuuri 12:13)

(*Chitadzo chakanyanyisa chaDavidi hachina kukanganwiwa naMwari.*)

13 Uye Davidi akati kuna Natamu, Ndatadzira Ishe. Uye Natamu akati kuna Davidi, Ishe havanawo kukanganwira chitadzo chako, zvekuti iwe haufe.

DJS, II Makoronike 18:22 (enzanisa II Makoronike 18:22)

(*Ishe havaise mweya unonyepa mumiro-mo yevaporofita.*)

22 Zvino nokudaro, tarisai, Ishe vawana mweya unonyepa mumiro-mo yeava vaporofita vako, uye Ishe vataura zvakaipa pamusoro pako.

DJS, Mapisarema 14:1-7 (enzanisa Mapisarema 14:1-7)

(*Munyori wenziyo dzinoyera akafara pazuva rekudzorerwa pakare.*)

1 Wakapusa ati mumwoyo make, Hakuna munhu ati amboona Mwari. Nokuti havazviratidze kwatiri, nokudaro hakuna Mwari. Tarisai, vane hunhubu; vakaita mabasa anonyangadza zvikuru, uye hapana mumwechete wavo anoita zvakanaka.

2 Nokuti Ishe vakatarisa pasi vari kudenga vachitarisa vana vevanhu, uye nezwi ravo vakati kumuranda wavo, Tsvakai imi mukati mevana vevanhu, kuti muone kana muine vamwe vanonzwisisa Mwari. Uye akazarura muro-mo wake kuna Ishe, uye akati, Tarisai, vose ava vanoti ndevako.

3 Ishe vakapindura vakati, Vose vakarasika, vave netsvina pamwechete, hausi kuona mumwechete wavo arikuita zvakanaka, kwete kana mumwechete.

4 Vose vavainavo sevadzidzisi vavo vashandi vezvakaipa, uye hamuna ruzivo mavari. Ivava ndivo vanodya vanhu vangu. Vanodya chingwa uye vasingadaidzire kuna Mwari.

5 Vari mukutya kukuru, nokuti Mwari vanogara muzvizvarwa zvevakarurama. Ndiye murairi wevarombo, nokuti vanonyara vakairi, uye votizira kuna Ishe, kunohwanda.

6 Vanonyara kurairwa kwemurombo nokuti Ishe ndivo vanomudzivirira.

7 Dai Zioni yakaiswa kunze kwedenga, ruponiso rwa Israeri. Ishe, muchamisa Zioni rinhi? Kana Ishe vave kuunza vanhu vavo kubva muhunhapwa, Jakobo achave nemufaro, Israeri achafara.

DJS, Mapisarema 24:7–10 (enzanisa Mapisarema 24)

(Rwiyo urwu rwunopemberera kuuya kwaKristu kwechipiri.)

7 Simudzai misoro yenyu, imi zvizvarwa zvaJakobo; uye musimudzwe; uye Ishe vakasimba nemasimba; Ishe vanesimba muhondo, vari mambo vekubwinya, vachakumisai narinhi.

8 Uye vachabvisa matenga; uye vachadzika kuzonunura vanhu vavo; kukuitai zita risingaperi; kukumisai padombo ravo risingapere.

9 Simudzai misoro yenyu, imi zvizvarwa zvaJakobo; simudzai misoro yenyu, imi zvizvarwa zvisingapere, uye Ishe vehondo, mambo vamadzi-mambo;

10 Kunyangwe mambo vekubwinya vachauya kwamuri; uye vachanunura vanhu vavo, uye vachavamisa mukururama. Sera.

DJS, Mapisarema 109:4 (enzanisa Mapisarema 109:4)

(Tinofanira kunamatira vavengi vedu.)

4 Uye, zvisinei nerudo rwangu, vavengi vangu; asi ndicharamba ndichivanamatira.

DJS, Isaya 42:19–23 (enzanisa Isaya 42:19–22)

(Ishe vachatumira muranda wavo kune avo vakapofomara.)

19 Nokuti ndichatumira muranda wangu kunemi makapofomara; hongu, mutumwa wekuvhura maziso avasingaone, uye nokuvhura nzeve dzevasinganzwe;

20 Uye vachaitwa vakakwana zvisinei nehupofu hwavo, kana vakateerera kumutumwa, muranda waIshe.

21 Imi muri vanhu, muchiona zvinhu zvizhinji, asi imi hamucherechedze; muchivhura nzeve kuti munzwe, asi imi hamunzwe.

22 Ishe havafadzwe chaizvo nevanhu vakadaro, asi pamusana pekururama kwavo vachakudza murairo uye vouita kuti ukudzwe.

23 Imi muri vanhu vakabirwa uye mukakanganiswa; vavengi venyu, vose zvavo, vakakuteyayi mumwena, uye vakakuhwandisai mudzimba dze-matirongo; vakakutorai senhapwa, uye hakuna anokununurai; senhapwa, uye hakuna anoti, Dzorerai pakare.

DJS, Jeremia 26:13 (enzanisa Jeremia 26:13)

(Ishe havatendeuke; vanhu vanotendeuka.)

13 Nokudaro zvino, gadzirirai nzira dzenyu nekuita kwenyu, uye muteerere izwi raIshe Mwari venyu, uye

mutendeuke, uye Ishe vachadzora chakaipa icho chavanga vatura pamusoro penyu.

DJS, Amosi 7:3 (enzanisa Amosi 7:3)

(Ishe havatendeuke; vanhu vanotendeuka.)

3 Uye Ishe vakati, maererano naJakobo, Jakobo achatendeuka pamusoro pezvivi, nokudaro handizomuparadza zvachose, vanodaro Ishe.

DJS, Mateo 3:24–26 (enzanisa Mateo 2:23)

(Hujaya nehwana hudiki hwaJesu hunotsanangurwa.)

24 Uye zvakaikwa kuti Jesu akakura nehama dzake, uye akasimba, uye akamirira kuna Ishe kuti nguva yebasa rake iuye.

25 Uye akashanda ari pasi pababa vake, uye akanga asingataure sezvaiita vamwe vanhu, uye akanga asingagone kudzidziswa; nokuti akanga asina chaaidziziswa nemunhu.

26 Uye mushure memakore mazhinji, nguva yehushumiri hwake yakaswera pedyo.

DJS, Mateo 3:43–46 (enzanisa Mateo 3:15–17)

(Jesu akabhabhatidzwa naJohane noku-nyudzwa mumvura.)

43 Uye Jesu, achipindura akati kwaari, Ndibvumire kuti ndibhabhatidzwe newe, nokuti zvakafanira kwatiri kuzadzikisa kwose kururama. Ipapo akamubvumira.

44 Uye Johane akaenda mumvura uye akamubhabhatidza.

45 Uye Jesu paakanga abhabhatidzwa, akabuda mumvura pakarepo; uye Johane akaona, uye tarisa, matenga akazuruka kwaari, uye akaona Mweya waMwari uchidzika senjiva uye ukamhara pana Jesu.

46 Uye tarisa, akanzwa izwi kubva kudenga, richiti, Uyu ndiye mwana-komana wangu wandinoda, uyo wandinofarira zvikuru. Munzwei imi.

DJS, Mateo 4:1, 5–6, 8–9 (enzanisa Mateo 4:1, 5–6, 8–9; zvakaifana nezvakashandurwa muna Ruka 4:2, 5–11)

(Jesu akatungamirwa neMweya, kwete naSatani.)

1 Zvino Jesu akatungamirwa neMweya, kuenda murenje, kuti ave naMwari.

5 Zvino Jesu akatorwa akaendwa naye muguta dzvene, uye Mweya ukamuisa panharire yetemberi.

6 Zvino dhiaborosi akauya kwaari uye akati, Kana uri Mwanakomana waMwari, zvikaende pasi: nokuti zvakanorwa kunzi, Achapa ngirozi dzake hutariri pamusoro pako: uye mumaoko adzo dzichakusimudza, kuti panguva ipi zvayo usarovere rutsoka rwako padombo.

8 Uye zvakare, Jesu akanga ari muMweya, uye ukamutora ukamukwidza mugomo rakareba zvikuru, uye ukamuratidza umambo hwose hwe-pasi nokubwinya kwahwo.

9 Uye dhiaborosi akauya kwaari zvakare, uye akati, Zvose izvi ini ndinokupa, kana ukawira pasi uye ukandinamata.

DJS, Mateo 4:11 (enzanisa Mateo 4:11)

(Jesu akatuma ngirozi kunoparidza kuna Johane Mubapatidzi.)

11 Uye zvino Jesu akaziva kuti Johane akandwa mutirongo, uye akatuma ngirozi, uye tarisai, dzakauya dzikamuparidzira.

DJS, Mateo 4:18 (enzanisa Mateo 4:19)

(Maporofita veTestamente yaKare vakataura nezvaJesu.)

18 Uye akati kwavari, Ndini iye uyo akanyorwa nezvake nevaporofita; nditeverei, uye ndichakuitai varedzi vevanhu.

DJS, Mateo 4:22 (enzanisa Mateo 4:23)

(Jesu akarapa vanhu mukati meavo vaite-nda muzita rake.)

22 Uye Jesu akaenda muGarirea yose

achidzidzisa mumasinagogo avo, uye achiparidza vhangeri reumambo; uye achirapa ndudzi dzose dzehurwere uye ndudzi dzose dzezvirwere muka-ti mevanhu vaitenda muzita rake.

DJS, Mateo 6:14 (enzanisa Mateo 6:13; zvakafanana nezvakashandurwa muna Ruka 11:4)

(Ishé havatipinze mukuyedzwa.)

14 Uye musatibvumire kuti tipinzwe mukuyedzwa, asi tiburitsei kubva mune zvakaipa.

DJS, Mateo 6:22 (enzanisa Mateo 6:22)

(Kana maziso edu ari pakubwinya kwaMwari chete, miviri yedu yose inozadzwa nechiedza.)

22 Chiedza chemuviri iziso; kana zvakadaro kana ziso rako rakatarisa pakubwinya kwaMwari chete, muviri wako wose uchazara nechiedza.

DJS, Mateo 6:38 (enzanisa Mateo 6:33)

(Tinofanira kutsvaga kutanga kuvaka umambo hwaMwari.)

38 Nokudaro, musatsvage zvinhu zvenyika ino asi tsvagai kutanga, kuvaka umambo hwaMwari, nokumisa kururama kwavo, uye zvose zvinhu izvi zvichapamhidzirwa kwamuri.

DJS, Mateo 7:1–2 (enzanisa Mateo 7:1–2)

(Musatonge zvisina kururama.)

1 Zvino aya ndiwo mazwi ayo Jesu aakadzidzisa vadzidzi vake ayo avanofanira kutaura kuvanhu.

2 Musatonge zvisina kururama, kuti imi musazotongwe; asi tongai nemutongo wakarurama.

DJS, Mateo 7:9–11 (enzanisa Mateo 7:6)

(Musataure zvakavanzika zveumambo kunyika.)

9 Endai imi munyika, muchiti kune vose, Tendeukai, nokuti umambo hwekudenga hwauya pedyo nemi.

10 Uye zvakavanzika zveumambo

muchazvichengeta mamuri; nokuti hazvina kunaka kupa icho chitsvene kumbwa; kana imi kukanda maparera enyu kunguruve, potse dzingaatsika-tsika pasi petsoka dzadzwo.

11 Nokuti nyika haingagone kugashira icho imi pachenyu, chamusingagone kutakura; nokudaro hamufanire kupa maparera enyu kwavari, potse vachatendeuka zvakare vakakubvarurai.

DJS, Mateo 9:18–21 (Aya mazwi akadzorerwa pakare neMuporofita Joseph Smith, akaiswa pakati paMateo 9:15 naMateo 9:16)

(Jesu akaramba rubhabhatidzo rweva-Farise; akapa mutemo waMosesi.)

18 Ipapo vaFarise vakati kwaari, Sei uchiramba kutigashira nerubhabhatidzo rwedu, uchiona kuti tinochengeta mutemo wose?

19 Asi Jesu akati kwavari, Hamuchengete mutemo imi. Dai makanga machengeta mutemo, mungadai makandigashira, nokuti ndini iye akapa mutemo.

20 Ini handikugashirei nerubhabhatidzo rwenyu, nokuti hakuna charwunokuyamurai.

21 Nokuti kana icho chinenge chiri chitsva chauya, chakare chamirira kubviswa.

DJS, Mateo 16:25–26 (enzanisa Mateo 16:24)

(Zvinoreva mazwi “Kutora muchinjikwa waJesu” kuramba zvisiri zvehumwari.)

25 Ipapo Jesu akati kuvadzidzi vake, Kana munhu zvake akauya kwandiri, regai azvirambe, uye atore muchinjikwa wake uye anditevere.

26 Uye zvino kuti munhu atore muchinjikwa wake, kuzvirambidza iye pachake zvose zvisiri zvehumwari, neruchiva rwose rwezvenyika, uye nokuchengeta mirairo yangu.

DJS, Mateo 17:10–14 (enzanisa Mateo 17:11–13)

(Vana Eria vaviri vaizouya—mumwe wekugadzirira uye mumwe wekudzorera pakare.)

10 Uye Jesu akapindura akati kwavari, Eria chokwadi achatanga kuuya, uye ozodzorerera pakare zvose zvinhu, sekunyorwa kwazvakaitwa nemaporofita.

11 Uye zvakare ndinoti kwamuri kuti Eria akatouya, kare, maererano neuyo wazvakanyorerwa, Tarisai, ndichatumira nhema yangu, uye ichagadzira nzira ndisati ndauya; uye havana kumuziva, uye vakaita kwaari, chose zvacho chavaida.

12 Zvakadaro neMwanakomana weMunhu achatambudzwa navo.

13 Asi ndinoti kwamuri, Ndiani Eria? Tarisai, uyu ndiye Eria, uyo andinotumira kugadzira nzira mberi kwangu.

14 Ipapo vadzidzi vakanzwisisa kuti ari kutaura kwavari nezvaJohane Mubapatidzi, uye nemumwewo anofanira kuuya uye achidzorerera pakare zvose zvinhu, sekunyorwa kwazvakaitwa nemaporofita.

DJS, Mateo 18:11 (enzanisa Mateo 18:11; onawo Moronai 8)

(Vana vadiki havanei nekutendeuka.)

11 Nokuti Mwanakomana wemunhu akauya kuzoponesa avo vakanga vakarasika, nokudaidza vatadzi mukutendeuka; asi ava vadiki havanei nekutendeuka, uye ini ndichavaponesa.

DJS, Mateo 19:13 (enzanisa Mateo 19:13)

(Vana vadiki vachaponeswa.)

13 Ipapo pakaunzwa kwaari vana vadiki, kuti aise maoko ake pavari uye anamate. Uye vadzidzi vakavarambidza, vachiti, Hazvina basa, nokuti Jesu akati, Vakadai vachaponeswa.

DJS, Mateo 21:33 (enzanisa Mateo 21:32–33)

(Munhu anofanira kutendeuka asati atenda muna Kristu.)

33 Nokuti uyo asingatende zvaJohane maererano neni, haangatende mandiri, kunze kwekutanga atendeuka.

DJS, Mateo 21:47–56 (enzanisa Mateo 21:45–46)

(Jesu akati ndiye dombo guru rechitsigiro.)

Vhangeri rinopihwa kumaJuda uye rozopihwa kumaJentairi. Vakaipa vachaparadzwa apo pachadzoka Jesu.)

47 Uye apo vapirisita vakuru nevaFarise vakanga vanzwa ngano dzemifananidzo yake, vakaona kuti akanga achitaura ivo.

48 Uye vakati pakati pavo, Murume uyu anofunga here kuti iye ega ndiye anogona kukanganisa umambo hukuru huno? Uye vakamushatirirwa.

49 Asi pavakatsvaga kuti vamubate, vakatya mhomho yevanhu, nokuti vakanzwa kuti mhomho yakamutora semuporofita.

50 Uye zvino vadzidzi vake vakauya kwaari, uye Jesu akati kwavari, Mashamiswa here nemazwi erungano rwemufananidzo uyo wandataura kwavari?

51 Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Ndini dombo, uye avo vakaipa vanondiramba.

52 Ndini musoro wechitsigiro. Aya maJuda achawira pandiri, uye achatyoka.

53 Uye umambo hwaMwari huchabviswa kwavari, uye huchapihwa kurudzi rwuri kuunza zvizereko zvawo; (kureva maJentairi)

54 Nokudaro, pana ani zvake pachawira dombo iri, richamukuya kuita hupfu.

55 Uye kana Ishe nokudaro vemunda wemizambiringa ouya, achaparadza avo vanosuwisa, vanhu vakaipa, uye achapa zvakare munda wemizambiringa rake kune vamwe varimi, kunyangwe mumazuva ekumagumo, avo vachamupa zvizereko munguva yazvo.

56 Uye ipapa vakanzwisisa rungano rwemufananidzo urwu rwaakanga ataura kwavari, kuti maJentairi vachaparadzawo, apo Ishe vachaburuka vachibva kudenga kuzotonga mumunda wake wemizambiringa, iro rinove nyika nevagari vacho varimo.

DJS, Mateo 23:6 (enzanisa Mateo 23:9)

(Iyeyo ari kudenga ndiye musiki wedu.)

6 Uye musadaidze munhu kuti musiki wenyu pano pasi, kana Baba venyu

vekudenga; nokuti mumwechete ndiye musiki wenyu uye Baba vekudenga, kunyangwe iye ari kudenga.

DJS, Mateo 26:22, 24–25 (enzanisa Mateo 26:26–29, DJS, Marko 14:20–25)

(*Jesu akamisa sakaramende.*)

22 Uye pavakanga vachidya, Jesu akatora chingwa uye akachimedura, uye akachirofadza, uye akapa kuvadzidzi vake, uye akati, Torai, idyai; ichi chirangariro chemuviri wangu uyo wandiri kupa sechitsikinuro chenyu.

24 Nokuti izvi zviru muchirangariro cheropa rangu retestamende itsva, iro riri kudeurirwa avo vazhinji vose vachatenda muzita rangu, kuti varegererwe zvitadzo zvavo.

25 Uye ndinokupai murairo, kuti muchacherechedza kuita zvinhu zvamaona ndichiita, uye mugopupura pamusoro pangu kunyangwe kusvika kumagumo.

DJS, Mateo 27:3–6 (enzanisa Mateo 27:3–5; Mabasa eVaapositori 1:18)

(*Rufu rwaJudasi rwunotsanangurwa.*)

3 Zvino Judasi, uyo akanga amutengesha, apo paakaona kuti akanga ave kutongwa, akatendeuka iye pachake, uye akadzosa zvakare makumi mata-tu emasirivha kuvakuru vemaPirisita nemagosa,

4 Achiti, Ndatadza mukuti ndatenge-sa ropa risina mhosva.

5 Uye vakati kwaari, Ko zvinei nesu izvozvo? Zvionere iwe; zvitadzo zva-ko ngazvive paari.

6 Uye akakanda pasi masirivha aya mutembere, achibva abva, uye akaenda, uye akazvisingirira pamuti. Uye pakarepo akawira pasi, hura hwake hukabuda, uye akafa.

DJS, Marko 9:3 (enzanisa Marko 9:4)

(*Johane Mubapatidzi akanga ari Mugomo reKushandurwa.*)

3 Uye pakaoneka kwavari Eria aina Mosesi, kana nemamwe mazwi, Johane Mubapatidzi naMosesi; uye vakange vachitaura naJesu.

DJS, Marko 9:40–48 (enzanisa Marko 9:43–48)

(*Kudimbura rwuoko kana gumbo riri kunetsa kunoenzaniswa nokucheka hukama kubva kuneavo vangangorasisa munhu.*)

40 Naizvozvo, kana ruoko rwako rwuchikukanganisa, rwudimbure; kana kuti kana hama yako ichikunetsa uye asingareureure uye asingaregere, acharaswa. Zvakanaka kwauri kuti upinde muupenyu uri chirema, pane kuve nemaoko maviri, uchienda kugehena.

41 Nokuti zvakanaka kwauri kuti upinde muupenyu usina hama yako, pane kuti iwe nehama yako mukandwe mugehena; mumoto uya usingambo-dzimwa, uko kwekuti honye yacho haife, uye moto wacho haudzimwe.

42 Uye zvakare, kana, tsoka yako ichikukanganisa, idimbure; nokuti uyo anove mudonzvo wako, waunofamba nawo, kana akave mutadzi, iye achadimburwa; uyo waunofamba naye, kana akave mukanganisi, achadimburwa.

43 Zviri nani kwauri, kupinda muupenyu uchikamhina, pane kuve netsoka mbiri iwe uchikandwa mugehena; mumoto uyo usingazofa wakadzimwa.

44 Naizvozvo, regai munhu wose amire kana kupinzika, ega pachake, kwete nemumwe; kana kusavimba nemumwe.

45 Tsvakai kuna Baba vangu, uye zvichaitwa muchinguva ichocho chamakumbira, kana mukakumbira nerutendo, muchitenda kuti muchagashira.

46 Uye kana ziso rako iro rinokuonera, uyo akasarudzwa kuti akutarisei kuti akuratidzei chiedza, akave mukanganisi uye akakutadzirai, mubvisei.

47 Zviri nani kwamuri kuti mupinde muumambo hwaMwari, muine ziso rimwechete, pane kuve nemaziso maviri kuti mukandwe mumoto wegehena.

48 Nokuti zvirinani kuti imi muponeswe, pane kuti mukandwe mugehena muine hama yenyu, umo honye yavo isingafe, uye umo musingadzimwe moto.

DJS, Marko 12:32 (enzanisa Marko 12:27)

(Mwari havazi Mwari vevakafa, nokuti vanomutsa vakafa kubva mumarinda avo.)

32 Nokudaro havasi Mwari vevakafa, asi Mwari vevapenyu; nokuti vanovamutsa kubva mumarinda avo. Imi nokudaro munokanganisa zvikuru.

DJS, Marko 14:20–25 (enzanisa Marko 14:22–25; DJS, Mateo 26:22, 24–25)

(Jesu akamisa sakaremende.)

20 Uye pavakanga vachidya, Jesu akatora chingwa uye akachirofafadza, uye akachimedura, uye akapa kwavari, uye akati, Chitorei, uye mudye.

21 Tarisai, izvi ndezvenyu imi kuti multe muchirangariro chemuviri wangu; nokuti pamunenge muchiita izvi mucharangarira nguva ino yandanga ndiinemi.

22 Uye akatora mukombe, uye paakanga atenda, akaupa kwavari; uye vose vakanwa kubva mauri.

23 Uye akati kwavari, Izvi zviru muchirangariro cheropa rangu iro richa-deurirwa vazhinji, uye testamende itsva iyo yandiri kupa kwamuri: nokuti muchapupura kunyika yose.

24 Uye pamunenge muchiita chisungo chino, muchandirangarira munguva ino yandanga ndiinemi uye ndikanwa nemi mumukombe uyu, kunyangwe munguva yekupedzisira mubasa rangu.

25 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Yezvizvi muchapupura; nokuti handichazonwa, zve muchero wemudzambiringa nemi, kudakara zuva iro randichaunwa patsva muumambo hwaMwari.

DJS, Marko 14:36–38 (enzanisa Marko 14:32–34)

(PaGetsemani, kunyangwe vamwe vevane-Gumi neVaviri havana kubata zvizere basa rajesu saMesia.)

36 Uye vakauya panzvimbo yainzi Getsemani, iyo yaive bindu; uye vadzidzi vakatanga kushamiswa zvikuru, nokutambudzika, uye nokunyunyuta

mumwoyo mavo, vachibvunza kuti angave ndiye here Mesia uyu.

37 Uye Jesu achiziva mwoyo yavo, akati kuvadzidzi vake, Garai imi pano, ini ndichambonamata.

38 Uye akatora, Petro, naJakobo, naJohane, uye akavatsiura, uye akati kwavari, Mweya wangu wakasuwa zvikuru, kunyangwe kusvika mukufa, sarai imi pano uye mutarise.

DJS, Marko 16:3–6 (enzanisa Marko 16:4–7; zvakafana nezvakashandurwa muna Mateo 28:2–8; enzanisa Ruka 24:2–4)

(Ngirozi mbiri dzakakwazisa madzimai aive paguva reMuponesi.)

3 Asi pavakatarisa, vakaona kuti dombo rakanga rakungurutswa richibviswa, (nokuti rakanga riri guru chazvo,) uye ngirozi mbiri dzakanga dzakagara pariri, dzakapfeka nguwo refu chena; uye vakatyiswa.

4 Asi ngirozi dzakati kwavari, Musatye; muri kutsvaka Jesu weNazareta, uyo akaroverwa pamuchinjikwa; amuka; haasi pano; tarisai panzvimbo pavakamuradzika;

5 Uye endai zvenyu, taurirai vadzidzi vake naPetro, kuti arikuenda mberi kwenyu kuGarirea; ikoko ndiko kwamuchamuona sekutaura kwaakaita kwamuri.

6 Uye ivo vachipinda muguva vakaona nzvimbo iyo yavakanga varadzika Jesu.

DJS, Ruka 1:8 (enzanisa Ruka 1:8)

(Zakaria, baba vaJohane Mubapatidzi, vakanga vachiita mabasa avo ehupirisita.)

8 Uye paakanga achiita basa rehupirisita pamberi paMwari, muhurongwa hwehupirisita hwake,

DJS, Ruka 2:46 (enzanisa Ruka 2:46)

(Varume vakadzidza zvikuru vaive mutemberi vakanga vachiteerera kuna Jesu uye vachimubvunza mibvunzo.)

46 Uye zvakaitika kuti, mushure memazuva matatu vakamuwana ari mutemberi, agere pakati pavarume

vakadzidza zvikuru, uye vakanga vachimunzwa, uye vachimubvunza mibvunzo.

DJS, Ruka 3:4–11 (enzanisa Ruka 3:4–6)

(Kristu achauya kuzozadzisa chiporofita, kubvisa zvitadzo, kuunza ruponeso, uye nekuve chiedza, uye achauya muzuva resimba uye nokuzara kwenguva.)

4 Sekunyora kwazvakaitwa mubhuku remuporofita Isayasi; uye aya ndiwo mazwi acho, achiti, Izwi reuyo anoche-ma murenje, Gadzirai imi nzira yalshe, uye itai nzira dzavo dzitwasanuke.

5 Nokuti tarisai, uye muone, vachauya, sekunyorwa kwazvakaitwa mubhuku remaporofita, kuzobvisa zvitadzo zvenyika, uye nokuunza ruponeso kumarudzi evahedheni, kuzounganidza pamwechete avo vakarasika, avo vari vedanga raIsraeri;

6 Hongu, kunyangwe avo vakaparadzirwa nevanokutambudzwa; uye nokugadzirira nzira, uye vaite kuti zviitike zvekuparidzwa kwevhangeri kumaJentairi;

7 Uye uve chiedza kune avo vose vagerer murima, kunzvimbo dziri kure dzenyika; kuunza kuitika kwekumuka kuvakafa, nekukwira kumusoro, kunogara kurudyi rwaBaba,

8 Kudakara kuzara kwenguva, nemutemo neuchapupu zvichasimbiswa, uye kiyi dzeumambo dzichaedneswa zvakare kuna Baba;

9 Kupa kuenzanisa kune vose; kuuya pasi mukutonga kune vose, nokupwisa vose vasina humwari pamusoro pe-zviito zvavo zvisina humwari, izvo zvavakaita; uye zvose izvi muzuva iro raachauya;

10 Nokuti izuva resimba; hongu, rose dinha richazadzwa, uye rose gomo nechikomo zvichadzikiswa; uye nzira dzakaipa dzichakwenenzverwa;

11 Uye yose nyama ichaona ruponeso rwaMwari.

DJS, Ruka 11:53 (enzanisa Ruka 11:52)

(Kuzara kwemagwaro matsvene ndiko kiyi dzeruzivo.)

53 Dambudziko kwamuri imi, magweta! Nokuti makabvisa kiyi yeruzivo, kuzara kwemagwaro matsvene; hamupinde pachenyu imi muumambo; uye avo vakanga vachipinda, imi makavadzivisa.

DJS, Ruka 12:9–12 (enzanisa Ruka 12:9–10)

(Kumhura Mweya Mutsvene hakuzoregererwa.)

9 Asi uyo anondiramba pamberi pevanhu, acharambwa pamberi pengirozi dzaMwari.

10 Zvino vadzidzi vake vakaziva kuti ataura izvi, nokuti vakanga vataura zvakaipa pamusoro pake pamberi pavanhu; nokuti vaitya kuti vanomuziva pamberi pevanhu.

11 Uye vakataura mukati mavo, vachiti, Anoziva mwoyo yedu, uye anotaura zvinoita kuti titongwe, uye hatichazoregererwa Asi akavapindura, uye akati kwavari,

12 Ani zvake achataura izwi rakaipa kuMwanakomana weMunhu, uye akatendeuka, iyeyo acharegererwa; asi kune uyo anomhura Mweya Mutsvene, iyeyo haaregererwe.

DJS, Ruka 12:41–57 (enzanisa Ruka 12:38–48)

(Tinofanirwa nguva dzose kugara takagadzirira kuuya kwaIshe.)

41 Nokuti, tarisai, vanouya munguva yekutanga yehusiku, uye vachauya zvakare munguva yechipiri, uye zvakare vachauya munguva yechitatu.

42 Uye zvirokwasvo ndinoti kwamuri, Vakatuuya kare, sekunyorwa kwazvakaitwa maereano navo; uye zvakare pavachauya munguva yechipiri, kana kuuya munguva yechitatu, vakaropafadzwa avo varanda pavachuya, avo vavachawana vachiita izvozvo;

43 Nokuti Ishe vevaranda ivavo vachizvisunga pachavo, uye vovaita kuti vagare pasi vadye, uye vachauya kwavari kuzopazvekudya.

44 Uye zvino, zvirokwasvo ndinotaura zvinhu izvi kwamuri, kuti muzive

izvi, kuti kuuya kwaIshe kwakaita sekwembavha usiku.

45 Uye kwakafanana nekwe munhu muridzi wemba, uyo anoti akasatarisa midziyo yake, mbavha inouya munguva yaasingazive, uye yotora midziyo yake, uye yozvigova pakati pevamwe vayo.

46 Uye vakati pakati pavo, Dai murume akanaka wemba aiziva kuti inguvai inouya mbavha, angadai akarindira, uye asina kubvumira imba yake kuti ipazwe nokurasikirwa nemidziyo yake.

47 Uye akati kwavari, Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, nemiwo ivai makagadzirira; nokuti Mwanakonama weMunhu anouya panguva yamusingafungire.

48 Ipapo Petro akati kwaari, Ishe, muri kutaura mufananidzo werungano kwatiri here, kana kune vose?

49 Uye Ishe vakati, Ndiri kutaura kune avo Ishe vaachaita vatongi vemba yavo, kuti vaye vana vavo mugove wavo wekudya munguva yakafanira.

50 Uye ivo vakati, Ko zvino ndiani iyeyo muranda akatendeka uye akanzwara?

51 Uye Ishe vakati kwavari, Ndiyeyo muranda anorindira, kuti ape mugove wake wekudya munguva yakafanira.

52 Akaropafadzwa muranda iyeyo achawanikwa naIshe vake, pavanouya, achiita saizvozvo.

53 Nechokwadi ndinoti kwamuri, achamuita mutongi pazvinhu zvose zvaainazvo.

54 Asi muranda akaipa uyo anowanikwa asina kugadzirira. Uye kana muranda iyeyo akasawanikwa akagaririra, achati mumwoyo make, Ishe vangu vari kunonoka kuuya kwavo; uye aчатanga kurova varandarume, nevarandakadzi, nokudya, nokunwa, uye nokuraradza.

55 Ishe vemuranda iyeyo vachauya muzuva raasingatarisire, uye munguva yaasingazive, uye vanomuparadza, uye vomusarudzira mugove wake pane vasingatende.

56 Uye uyo muranda aiziva chido chalshe vake, uye akasagadzirira kuuya kwaIshe vake, kana kuita maererano nechido chavo, acharohwa kakawanda.

57 Asi akanga asingazive chido chalshe vake, uye akaita zvinhu zvaikodzera kuti arohwe, acharohwa zvisvishoma. Nokuti kuna ani zvake anopihwa zvizhinji, kwaari kuchadiwa zvizhinji; uye kune uyo Ishe kwaaisa zvizhinji, kwaari vanhu vachakumbira zvakanwanda.

DJS, Ruka 16:16-23 (enzanisa Ruka 16:16-18)

(Jesu akapa nhoroondo yerungano rwemufananidzo rwemurume mupfumi naRazaro.)

16 Uye vakati kwaari, Tine mutemo, nevaporofta; asi nezve murume uyu hatizomugashira kuti ave mutongi wedu; nokuti anozviita kuti ave mutongi kwatiri.

17 Ipapo Jesu akati kwavari, Mutemo nevaporofta zvinopupura nezvangu; hongu, uye vose vaporofta vakanyora, kunyangwe kusvika kuna Johane vakataura nezvemazuva ano.

18 Kubvira nguva iyoyo, humambo hwaMwari hunoparidzwa, uye wose munhu uyo anotsvaka chokwadi anosaidzira machiri.

19 Uye zvirori nyore kuti denga nepasi zvipfuure, pane kuti chidimbu chimwechete chemutemo chitadziswe.

20 Uye sei imi muchidzidzisa mutemo, uye muchiramba izvo zvakanyorwa; uye muchipa mhosva uyo Baba vakatuma kuzadzikisa mutemo, kuti imi mose mununurwe?

21 Mapenzi! nokuti makati mumwoyo yenyu, Hakuna Mwari. Uye munonyangadza nzira kwayo; uye umambo hwekudenga hunotambudzwa nokuriswa nemi; uye imi munoshungurudza vakapfava; uye mukurwisa kwenyu munotsvaka kuparadza umambo; uye munotora vana veumambo nechisimba. Dambudziko kwamuri, imi vapombi!

22 Uye vakamutuka zvakare, sekushatiriswa kwavakanga vaita nokutaura uku kuti vakange vari vapombi.

23 Asi akenderera mberi, achiti, Ani zvake uyo anoramba mukadzi wake, uye oroora mumwe, aita hupombwe; uye ani zvake anoroora mukadzi uyo arambwa nemurume wake, aita hupombwe. Zvirokwasvo ndinoti

kwamuri, ndinokufananidzai nemurume mupfumi.

DJS, Ruka 17:21 (enzanisa Ruka 17:20–21)

(Umambo hwaMwari hwakatouya kare.)

21 Havazoti, Onai, pano! kana, Onai, apo! Nokuti, tarisai, umambo hwakatouya kare kwamuri.

DJS, Ruka 17:36–40 (enzanisa Ruka 17:37)

(Jesu anotsanangura mufananidzo werungano nezvekuunganidzwa kwevakarurama.)

36 Uye vakapindura uye vachiti kwavari, Ndekupi, Ishe, kwavachaendeswa?

37 Uye akati kwavari, Kwose uko kunenge kwakaunganwa; kana, nemamwe mazwi, pose zvapo panenge pakaungana vatendi, ikoko ndiko kuchaungana makondo pamwechete; kana, ikoko avo vakasara ndiko kwavachaungana pamwechete.

38 Izvi akataura, achireva kuungana kwevatendi vake; nekwengirozi dzichaburuka nekuunganidza vakasara kwadziri; mumwe kubva pamubhedha, mumwe kubva pachigayo, uye kwose zvako kwaanenge achida.

39 Nokuti zvirokwasvo kuchave nematenga matsva, uye nepasi idzva, umo munogara hururamo.

40 Uye hamuchazove nechinhu chisina kuchena; nokuti pasi richasakara, kunyangwe sehembe, mushure mekunge rasimba muhuori, nokudaro rinyangadika, uye chigaro chetsoka chinosara chakacheneswa, chakasu-kwa kubva muzvitadzo zvose.

DJS, Ruka 18:27 (enzanisa Ruka 18:27)

(Kuvimba neuupfumi kunotadzisa munhu kupinda muumambo hwaMwari.)

27 Uye akati kwavari, Zvakaoma kune avo vanovimba neupfumi, kupinda muumambo hwaMwari; asi uyo anosiya zvinhu zviri zvenyika ino, zvirinyore naMwari, kuti apinde mahuri,

DJS, Ruka 21:24–26 (enzanisa Ruka 21:24–26)

(Jesu akatsanangura zviratidzo yekuuya kwake.)

24 Zvino zvinhu izvi akataura kwavari, maererano nokuparadzwa kweJerusarema. Uye ipapo vadzidzi vakamubvunza vachiti, Tenzi, tiudzei maererano nekuuya kwenyu.

25 Uye akapindura kwavari, uye akati, Muchizvarwa umo muchazadzikiswa nguva dzemaJentairi, kuchave nezviratidzo muzuva nemumwedzi, nemunyenyedzi; uye munyika, kushushikana kwemarudzi nokunetswa, segungwa nemasaisai achitinhira. Nenyika ichatambudzwa, uye nemvura dzeudzame hukuru;

26 Mwoyo yavanhu ichavatadzisa pamusana pekutya, uye nokuti varikutarisa izvo zvinhu zvirikuuya panyika. Nokuti masimba edenga achazunzwa.

DJS, Ruka 21:32 (enzanisa Ruka 21:32)

(Zvose zvinozadzikiswa kana nguva dzemaJentairi dzazadzikiswa.)

32 Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, chizvarwa chino, chizvarwa apo nguva dzemaJentairi dzichazadzikiswa, hachizopfuura kudakara zvose zvazadzikiswa.

DJS, Ruka 23:35 (enzanisa Ruka 23:34)

(Jesu akakumbirira ruregerero mawuto emaRoma avo vakamuroverera pamuchinjikwa.)

35 Ipao Jesu akati, Baba, varegererei; nokuti havazive zvavari kuita. (Zvichireva mawuto ayo akamuroverera pamuchinjikwa,) uye vakatsemura nguwo yake uye vakakanda mijenya.

DJS, Johane 1:1–34 (enzanisa Johane 1:1–34)

(Vhangeri raJesu Kristu rakaparidzwa kubvira pakutanga. Mumwe Eria [Johane muBapatidzi] aive wekugadzirira nzira yaKristu, uye mumwe Eria [Kristu] aive wekudzoreira pakare zvose zvinhu.)

1 Pakutanga vhangeri rakaparidzwa kuburikidza neMwanakomana. Uye

vhangeri raive izwi, uye izwi raive neMwanakomana, uye Mwanakomana aiva naMwari, uye Mwanakomana waive waMwari.

2 Iye mumwecheteyo akanga aripo pakutanga naMwari.

3 Zvose zvinhu zvakaitwa naiye; asi pasina iye hapana chaitwa chakaitwa.

4 Maari maive nevhangeri, uye vhangeri raive upenyu, uye upenyu hwaiwe chiedza chevanhu;

5 Uye chiedza chinopenya munyika, uye nyika haichione kwete.

6 Paive nemurume akatumwa kubva kunaMwari, uyo ane zita rainzi Johane.

7 Mumwecheteyo akauya munyika kuzove mupupuri, kuve mupupuri wechiedza, kupupura nezve vhangeri kuburikidza neMwanakomana, kune vose, kuti kuburikidza naye vanhu vangatende.

8 Akanga asiri iye chiedza ichocho, asi akauya kuzopupura chiedza ichocho,

9 Icho chaive chiedza chechokwadi, icho chinovhenekera wose munhu anouya munyika;

10 Kunyangwe Mwanakomana waMwari. Uyo akanga ari munyika, uye nyika yakagadzirwa naye, uye nyika haina kumuziva.

11 Akauya kune vekwake, uye vekwakwe havana kumugashira.

12 Asi kune avo vazhinji vakamugashira, kwavari akavapa simba rekuti vave vanakomana vaMwari; kune avo chete vanotenda muzita rake.

13 Akazvarwa, kwete neropa, kana nekuda kwenyama, kana nekuda kwemunhu, asi kwaMwari.

14 Uye izwi rimwechetero rakaitwa nyama, uye rikagara mukati medu, uye tikaona kubwinya sekweMumwechete Akaberekwa waBaba, azere nenyasha nechokwadi.

15 Johane akapupura pamusoro pake uye akadaidzira, achiti, Ndiyeyu uyo wandakataura nezvake; Uyo anouya mushure mangu, anodiwa kupfuura ini, nokuti aivepo ndisati ndavepo.

16 Nokuti pakutanga paive neZwi, kunyangwe Mwanakomana, uyo akaitwa nyama, uye akatumirwa kwatiri nekuda kwaBaba. Uye sevazhinji vanotenda muzita rake vachagashira kuzara kwake. Uye kuri kuzara kwake tose takakugashira, kunyangwe kusa-fa neupenyu hwokusingaperi, kuburikidza nenyasha dzake.

17 Nokuti mutemo wakapihwa kuburikidza naMosesi, asi upenyu nechokwadi zvakauya kuburikidza naJesu Kristu.

18 Nokuti mutemo wakanga uri murairo wezvenyama, unosvitsa murufu; asi vhangeri rakanga riri resimba yeupenyu husina magumo, kuburikidza naJesu Kristu, Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa, uyu ari muchipfuvava chaBaba.

19 Uye hakuna munhu ati aona Mwari panguva ipi zvayo, asi kuti ari apupura nezve Mwanakomana; nokuti kunze kwekunge zviri kuburikidza naiye hapana munhu angaponeswe.

20 Uye iyi ndiyo rondedzero yaJohane, apo maJuda akatumira mupirisita namaRevi kubva kuJerusarema, kuti vanomubvunza; Ndiwe ani?

21 Uye akareurura, haana kuramba kuti ndiye Eria; asi akareurura, achiti; Handisini Kristu.

22 Uye vakamubvunza, vachiti; Ko zvino uri Eria sei? Uye iye akati, Handizini uya Eria anozove wekudzorera pakare zvose zvinhu. Uye vakamubvunza, vachiti, Hauzi muporofita uya here? Uye iye akapindura, kuti, Kwete.

23 Ipapo vakati kwaari, Iwe ndiwe ani? kuti tigopa mhinduro kune avo vatituma. Unotii nezvako iwe?

24 Akati, Ndini izwi reari kuchema murenje, Twasanudzai nzira dzaIshe, sekutaura kunoita muporofita Isayasi.

25 Uye avo vakanga vatumwa vaive vechiFarise.

26 Uye vakabvunza, uye vakati kwaari; Ko unobhabhatidzirei zvino, kana usiri iye Kristu, kana Eria ainzi anodzorerera pakare zvose zvinhu, kana muporofita iyeyo?

27 Johane akavapindura, achiti; Ini

ndinobhabhatidza nemvura, asi pamire mumwe pakati penyu uyo wamusingazive;

28 Iyeyo ndiye wandinopupura. Ndiye muporofita uya, kunyangwe Eria, uyo, achiuya shure kwangu, anodiwa kupfuura ini, uyo tambo dzeshangu dzake handikodzere kudzisunungura, kana nzvimbo yake handigone kugara; nokuti iye achabhabhatidza, kwete nemvura chete, asi nemoto, uye neMweya Mutsvene.

29 Zuva raitevera Johane anoona Jesu achiuya kwaari, uye akati; Tarisai Gwayana raMwari, rinobvisa chitadzo chenyika!

30 Uye Johane akapupura nezvake kuvanhu, achiti; Uyu ndiye wandakataura ndichiti; Mushure mangu munouya munhu anodiwa kupfuura ini; nokuti aivepo ini ndisati ndavepo, uye ndaimuziva, uye kuti achazivisa pachena kuIsraeri; zvakadaro ini nda- uya ndichaibhabhatidza nemvura.

31 Johane akapupura, achiti; Paakabhabhatidzwa neni, ndakaona Mweya uchiburiuka kubva kudenga wakaita senjiva, uye ukagara paari.

32 Uye ini ndakamuziva; nokuti iye akandituma kuti ndibhabhatidze nemvura, iyeyo akati kwandiri; Pane uyu wauchaona achigarwa neMweya uchidzika, uye ucharamba uri paari, iyeyo ndiye mumwecheteyo achabhabhatidza neMweya Mutsvene.

33 Uye ndakaona, uye ndikapupura kuti uyu ndiye Mwanakomana waMwari.

34 Izvi zvinhu zvakaitwa muBetebara, mhiri kweJordan, uko Johane aibhabhatidzira ari.

DJS, Johane 1:42 (enzanisa Johane 1:42)
(Kefasi zvinoreva “muoni” kana “dombo.”)

42 Uye akamuunza kuna Jesu. Uye apo Jesu paakatarisa, akati, Ndiwe Simoni, mwanakomana waJona, uchadaidzwa kunzi Kefasi, zvinoreva kuti, nokududzira, muoni kana dombo. Vakanga vari vabati vehove. Uye pakarepo vakasiya zvose, uye vakateera Jesu.

DJS, Johane 4:1–4 (enzanisa Johane 4:1–2)

(Jesu akabhabhatidza.)

1 Zvino zvakadaro vaFarise pavakanga vanzwa kuti akanga aita uye abhabhatidza vadzidzi vazhinji kupfuura Johane,

2 Vakatsvaga nesimba dzimwe nzira dzekuti vamuuraye; nokuti vazhinji vakanga vakagashira Johane semuporofita, asi vakanga vasingatende kuna Jesu.

3 Zvino Ishe vakaziva izvi, kunyangwe ivo pachavo vakange vasina kubhabhatidza vazhinji sevadzidzi vavo;

4 Nokuti akavabvumira semuenzani-so, kuratidza kukudzana kwavo.

DJS, Johane 4:26 (enzanisa Johane 4:24)

(Mwari vakavimbisa Mweya wavo kune vatendi vechokwadi.)

26 Nokuti kune vakadaro Mwari vakavimbisa Mweya wavo. Uye avo vanovanamata, vanofanira kumunata mumweya nemuchokwadi.

DJS, Johane 13:8–10 (enzanisa Johane 13:8–10)

(Jesu akageza tsoka dzeVaapositori.)

8 Petro akati kwaari, Hamufanire kugeza tsoka dzangu. Jesu akamupindura, Kana ndikasadzigeza, iwe haina hukama neni.

9 Simoni Petro, akati kwaari, Ishe, kwete tsoka dzangu chete, asiwo nemaoko angu nemusoro wangu.

10 Jesu akati kwaari, Uyo ageza maoko ake nemusoro wake, haachafanira kunze kwekugeza tsoka dzake, asi akachena kwose; uye imi makachena, asi kwete mose. Zvino iyi yaive tsika yemaJuda pasi pamutemo wavo; nokudaro, Jesu akaita izvi kuti mutemo ugozadzikiswe.

DJS, Johane 14:30 (enzanisa Johane 14:30)

(Jinda rerima, kana Satani, ndewe nyika ino.)

30 Mushure mezvizvi handichazotaura zvakanyaya nemi; nokuti jinda rerima, uyo ari wenyika ino, anouya, asi haana simba pandiri, asi anesimba pamuri.

DJS, Mabasa aVaapositori 9:7
(enzanisa Mabasa aVaapositori 9:7; 22:9)

(Avo vakanga vaina Pauro pakutendeuka kwake vakaona chiedza, asi havana kunzwa izwi kana kuona Isha.)

7 Uye avo vakanga vari parwendo naye vakaona zvechokwadi chiedza uye vakatya; asi havana kunzwa izwi reuyo akataura naye.

DJS, VaRoma 4:16 (enzanisa VaRoma 4:16)

(Zvose rutendo nemabasa, kuburikidza nenyasha, zvinofanirwa kuvepo kuitira paruponeso.)

16 Nokudaro munorevererwa nerutendo namabasa, kuburikidza nenyasha, kuitira kuti mukupedzisira chivimbiso chive chechokwadi kune mbeu yose; kwete kune avo chete vari vemutemo, asi kune avowo vari verutendo rwaAbrahama; anove ndiye baba wedu tose,

DJS, VaRoma 7:5-27 (enzanisa VaRoma 7:5-25)

(Kristu ane simba reKushandura mweya yevanhu.)

5 Nokuti zvatakanga tiri munyama, zvido zvechitadzo, izvo zvakanga zvisiri maererano nemutemo, zvai-shanda munhengo dzemiviri yedu kunzwa zvibereko zvinosvitsa murufu.

6 Asi zvino takabviswa mumutemo umo matakanga takabatwa, takafa kumutemo, kuti tigoshanda muhutsva hwemweya, uye kwete muhutsaru hwetsamba.

7 Zvino? Mutemo chitadzo here? Mwari anoramba. Kwete, handina kunge ndaziva chitadzo, asi nepamusana pemutemo; nokuti handina kunge ndaziva ruchiva, dai mutemo usina kuti usazochiva.

8 Asi chitadzo, chawana mukana mumurairo, chakauza mandiri zvose zvakasiyana-siyana zveruchiva. Nokuti pasina mutemo chitadzo chingadai chakafa.

9 Nokuti kare ndairarama pasina kutyorwa kwemutemo, asi pakauya murairo waKristu, chitadzo chakamuka, uye ndikafa.

10 Uye apo pandisina kutenda murairo waKristu uyo wakauya, uyo wakamisirwa kuupenyu, ndaona uchi-nditongera kufa.

11 Nokuti chitadzo, chichawana mukana, chakaramba murairo, uye chikandinyengedza; uye nacho ndakauraiwa.

12 Zvisinei, ndakaona kuti mutemo mutsvene, nemurairo kuti mutsvene, nokuenzanisa, nokunaka.

13 Ko zvino icho chakanaka chakaitwa rufu kwandiri here? Mwari vanoramba. Asi chitadzo, kuti chigoratidzike kuti chitadzo kuburikidza nechecho chakanaka chichishanda rufu mandiri; kuti chitadzo, kuburikidza nemurairo, ndive mutadzi akanyanya.

14 Nokuti tinoziva kuti murairo ndewe mweya; asi pandakanga ndiri pasi pemutemo, ndakanga ndichiri wenyama, ndakatengeswa pasi pechitadzo.

15 Asi zvino ndave wemweya; nokuti icho chandinorairwa kuti ndiite, ndinochiita; uye icho chandinorairwa kuti ndisabvumire, handichibvimire.

16 Nokuti chandinoziva kuti hachina kunaka, handiite; nokuti icho chiri chitadzo, ndinochivenga.

17 Kana zvino ndisingaite icho chandisingabvumire, ndinotenderana nemutemo, kuti wakanaka, uye ini handingatongwe.

18 Iye zvino, handisisiri ini ndinoita chitadzo; asi ndinotsvaka kukunda icho chitadzo chigere mandiri.

19 Nokuti ndinoziva kuti mandiri, kureva kuti, munyama mangu, hamugare chinhu chakanaka; nokuti kuda kuneni, asi kuita icho chakanaka handikuwane, kunze chete kwemuna Kristu.

20 Nokuti zvakanaka zvandingadai ndakaita apo pandaive pasi pemutemo,

ndinoona zvisina kunaka; nokudaro, handizviite.

21 Asi zvakaipa zvandisingaite pasi pemutemo, ndinoona zvakanaka; izvozvo, ndinozviita.

22 Zvino kana ndikaita izvozvo, kuburikidza neruyamuro rwaKristu, handizviite pasi pemutemo, handisi pasi pemutemo; uye hazvisisimo zvekuti ndinotsvaka kuita zvisiriiivo, asi kuti ndikunde chitadzo icho chigere mandiri.

23 Ndinoona ipapa kuti pasi pemutemo, kuti pandaiita zvakanaka chakaipa chakanga chiripo neni; nokuti ndinofara nemutemo waMwari semunhu wechemukati.

24 Uye zvino ndinoona mumwe mutemo, kunyangwe murairo waKristu, uye wakanyorwa mupfungwa mangu.

25 Asi nhengo dzangu dzirikurwisana nemutemo wepfungwa dzangu, uye dzichindiunza muhusungwa kumutemo wechitadzo icho chiri muhengo dzangu.

26 Uye kana ndikarega kukunda chitadzo chiri mandiri, asi nyenya ndoshandira mutemo wechitadzo; ndiri munhu akasuwa! ndiani achandibvisa kubva kumuviri werufu urwu?

27 Ndinotenda Mwari kuburikidza naJesu Kristu Ishe vedu, ipapa, kuti saizvozvo nepfungwa ini pachangu ndishandire mutemo waMwari.

DJS, VaRoma 8:8 (enzanisa VaRoma 8:8)

(Avo vanoteedzera nzira dzenyama havagone kufadza Mwari.)

8 Saizvozvoka avo vanoda zvenyama havagone kufadza Mwari.

DJS, I VaKorinte 7:1–2, 5, 26, 29–33 (enzanisa I VaKorinte 7:1–2, 5, 26, 29–33)

(Pauro akapindura mibvunzo nezvekuro-rana mukati meavo vanodaidzwa kuhushumiri.)

1 Zvino maererano nezvinhu izvo zvamakandinyorera, muchiti, Zvakana kuti murume asabate mukadzi.

2 Zvisinei, ndinoti, kuti kusave neupombwe, regai murume wose ave nemukadzi wake pachake, uye murege wose mukadzi aine murume wake pachake.

5 Musoparadzane, kunze kwekunge mabvumirana, kwekanguvana, kuti muzvipire pachenyu mukutsanya nokunamata; uye mouya pamwechete zvakare, kuti Satani asakuyedzei nekutadza kuzvibata kwenyu.

26 Ndinofunga zvakadaro kuti izvi zvakanakira dambudziko riripo zvino, kuti munhu arambe akadaro kuti aite zvakananyaya kunaka.

29 Asi ndinotaura kwamuri imi kadaidzwa kuhushumiri. Pane zvizvi ndinoti, hama, nguva yasara yave pfupi, yekuti mutumurwe kuhushumiri. Kunyangwe avo vane vakadzi, vachaita sevakange vasina; nokuti makadaidzwa uye mukasarudzwa kuti muite basa ralshe.

30 Uye zvichave kune ivo vanoche-ma, sekunge vasiri kuchema; uye avo vanofara, sekunge vasiri kufara, uye avo vanotenga, sekunge vasina chavainacho;

31 Uye neavo vanoshandisa nyika ino, kunge vasiri kuishandisa; nokuti maitiro enyika ino anopfua.

32 Asi ndingade, hama dzangu, kuti mukudziridze kudaidzwa kwenyu. Ndingade kuti musave nehanya. Nokuti uyo asina kuroora, ane hanya nezvinhu zvinove zvalshe, kuti angafadze Ishe sei; naizvozvo anobudirira.

33 Asi uyo akarooro, ane hanya nezvinhu izvo zvenyika, kuti angafadze mukadzi wake sei; nokudaro pane mutsauko, nokuti anotadziwa.

DJS, I VaKorinte 15:40 (enzanisa I VaKorinte 15:40)

(Kubwinya kuri patatu mukumuka kuvakafa.)

40 Zvakare miviri yeseresitiyaro, nemuviri yeteresitiyaro, uye miviri yetiresitiyaro; asi kubwinya kweyeseresitiyaro kumwechete, uye kubwinya kweyeteresitiyaro ndokumwe, uye kwetiresitiyaro, ndokumwe.

DJS, II VaKorinte 5:16 (enzanisa II VaKorinte 5:16)

(Pauro akaraira Vatendi kuti vasagare vachitevedza tsika yenyama.)

16 Nokudaro, kubvira zvino hatichararama maererano netsika dzenyama; hongu, kunyangwe takamborarama senyama, asi kubvira kuziva kwataka ita Kristu, kubvira zvino hatichararama nezvenyama.

DJS, VaGaratia 3:19–20 (enzanisa VaGaratia 3:19–20)

(Kristu munyai wechibvumirano chitsva. Mutemo waMosesi [chibvumirano chakare] nevhangeri risingapere [chibvumirano chitsva] zvinoenzaniswa].)

19 Nokudaro ipapa, mutemo wakapamhidzirwa nepamusana pezvitadzo, kudakara mbeu yauya kune uyo akaitirwa chivimbiso mumutemo waMosesi, uyo akagadzwa nemaoko engirozi kuti ave munyai wechibvumirano chekutanga ichi, (mutemo.)

20 Zvino munyai uyu akanga asiri munyai wechibvumirano chitsva; asi pane munyai mumwechete wechibvumirano chitsva, uyo ari Kristu; sekunyora kwazvakaitwa mumutemo maererano nezvivimbiso zvakaitwa kuna Abrahamu nembeu yake. Zvino Kristu ndiye munyai wepenyu; nokuti ichi ndicho chivimbiso chakaitwa naMwari kuna Abrahamu.

DJS, VaEfeso 4:26 (enzanisa VaEfeso 4:26)

(Kushatirwa kusina kururama chitadzo.)

26 Mungashatirwe here, uye mukasaita chitadzo? musarege zuva richinyura imi makashatirwa;

DJS, I VaTesaronika 4:15 (enzanisa I VaTesaronika 4:15)

(Avo vanhu vakarurama vanenge vari vapenyu pakuuya kwaIshe havazove nani kune vakarurama vakafa.)

15 Nokuti izvi tinoti kwamuri nezwi raIshe, kuti avo vanege vari vapenyu

pakuuya kwaIshe, havazotadzisa avo vanosara pakuuya kwaIshe, avo varere.

DJS, II VaTesaronika 2:2–3, 7–9 (enzanisa II VaTesaronika 2:2–9)

(Pauro akaporofita kurasika pachitendero Ishe vasati vadzoka.)

2 Kutu imi musakurumidze kuzunzwa mupfungwa, kana kunetswa netsamba kunze kwekunge maitambira kubva kwatiri; kana nemweya, kana nezwi, sekuti zuva raKristu rave pedyo.

3 Musarege munhu achikunyengezdai nenzira ipi zvayo; nokuti kucha uya kutanga kubva pachokwadi, uye uyo munhu wechitadzo aburitse pachena, mwanakonana wekuraswa;

7 Nokuti chakavanzika chehuipi chive kutoshanda kare, uye iye ndiye zvino ave kushanda, uye Kristu anobvumira kushanda, kudakara nguva yazadzikiswa kuti azobviswa munzira.

8 Uye ipapo ndipo uyo akaipa achaburitswa pachena, uyo Ishe vavachaparadza nemweya wemuromo wavo, uye vavachaparadza nekupenya kwekuuya kwavo.

9 Hongu, Ishe, kunyangwe Jesu, uyo kuuya kwake kunotozove mushure mekuuya kwekurasika, kuburikidza nekushanda kwaSatani nesimba rose, nezviratidzo uye nezvishamiso zvekunyepa,

DJS, I Timotio 2:4 (enzanisa I Timotio 2:4)

(Kristu ndiye Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa uye Muyanani.)

4 Uyo anoda kuti vanhu vose vaponeswe, uye kuti vauye muruzivo rwechokwadi rwuri muna Kristu Jesu, anove ndiye Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa waMwari, uye akagadzwa kuve Munyai pakati paMwari nemunhu; uyo anove Mwari mumwechete; uye ane simba pamusoro pevanhu vose.

DJS, I Timotio 6:15–16 (enzanisa I Timotio 6:15–16)

(Avo vane chiedza chekusafa chiri mavari vanogona kuona Jesu.)

15 Izvo zvavacharatidza munguva yavo, vanove ndivo vakaropafadzwa uye vari ivo chete Mutongi, Mambo wemadzimambo, Ishe vemadzishe, kwavari kuve nekukudzwa nesimba risingaperi;

16 Uyo asina munhu akamuona, kana kumuona, uyo asina munhu angasvike paari, kunze, chete kweuyo ane chiedza netariro yekusafa igere maari.

DJS, VaHeberu 1:6-7 (enzanisa VaHeberu 1:6-7)

(*Ngirozi imweya inoshumira.*)

6 Uye zvakare, paanounza wekuta-nga kuberekwa munyika, anoti, Uye regai dzose ngirozi dzaMwari dzimunamate, uyo anoita vashumiri vake kuti vave serimi remoto.

7 Uye pamusoro pengirozi anoti, Ngirozi mweya inoshumaira.

DJS, VaHeberu 4:3 (enzanisa VaHeberu 4:3)

(*Mabasa aMwari akagadzirwa kubvira pahwaro hwenyika.*)

3 Nokuti isu takatenda tinopinda muzororo rake, sezvaakataura, Sekutsidza kwandakaita muhasha dzangu, Kana vakaomesa mwoyo yavo havachazopinda muzororo rangu; zvakare, ndatsidza, Kana vakasaomesa mwoyo yavo, vachapinda muzororo rangu; kana dai mabasa aMwari akagadzirwa, (kana akapedzwa,) kubva pahwaro hwenyika.

DJS, VaHeberu 5:7-8

(*Katsamba kari mumagwaro eDJS kanoti vhesi 7 na8 dzinonongedza kuna Merkizedeki uye kwete kuna Kristu. Naizvozvvo, tingangoti, zvinoyorwa zviri muBhaibheri raMambo Jemisi nemuDJS zvoimwechete.*)

DJS, VaHeberu 6:1, 3 (enzanisa VaHeberu 6:1, 3)

(*Misimboti yaKristu inosvitsa mukukwana.*)

1 Nekudaro tisingasiye misimboti yedzidziso yaKristu, ngatienderei mberi kusvika mukukwana; tisavake zvaka-

re hwaro hwekutendeuka kubva kumabasa akafa, nerutendo kuna Mwari.

3 Uye tichaenderera mberi kusvika mukukwana kana Mwari vatendera.

DJS, VaHeberu 7:3 (enzanisa VaHeberu 7:3)

(*Hupirisita hutsvene maererano nehurongwa hweMwanakomana waMwari hauna baba kana amai uye hauna mavambo kana magumo emazuva.*)

3 Nokuti Merkizedeki uyu akagadzwa semupirisita maererano nehurongwa hweMwanakomana waMwari, huri hurongwa hwakanga husina baba, husina amai, husina dzinza, husina kana kuvamba kwamazuva, kana kuguma kweupenyu. Uye vose avo vanogadzwa muhupirisita uhu vanoitwa mukufanidzwa neMwanakomana waMwari, vachigara sevapirisita nguva dzose.

DJS, VaHeberu 7:25-26 (enzanisa VaHeberu 7:26-27)

(*Basa raKristu seMunyai rinotsanangurwa.*)

25 Mupirisita wepamusoro akadai akave isu, uyo anove mutsvene, asinga kuvadze, asina kusvibiswa, asiri kuvatadzi, uye akaitwa mutongi pamusoro pematenga;

26 Uye kwete seavo vapirisita vepamusoro vaipira mipiro mazuva ose, kutanga kuitira zvitadzo zvavo ivo, uye vozoitira zvitadzo zvevanhu; nokuti iye haana chikonzero chokupira zvitadzo zvake; nokuti haana kumbuziva zvitadzo; asi kuitira zvitadzo zvevanhu. Uye izvi akazviita kamwechete, paakazvipira iye pachake.

DJS, VaHeberu 11:1 (enzanisa VaHeberu 11:1)

(*Rutendo ruvimbo rwezvinhu zviri kutarisirwa.*)

1 Zvino rutendo ruvimbo rwezvinhu zviri kutarisirwa, rutsigiro rwezvinhu zvisingaonekwe.

DJS, VaHeberu 11:35 (enzanisa VaHeberu 11:35)

(*Vakatendeka vanorwadziswa pamusoro*

paKristu vanowana kumuka kuvakafa kwekutanga.)

35 Vakadzi vakagashira vakafa vavo vamutswa kuupenyu zvakare; uye vamwe vakarwadziswa, vasingabvume rununuro; kuti vagowana kumuka kuvakafa kwekutanga;

DJS, Jakobo 1:2 (enzanisa Jakobo 1:2)

(Matambudziko, kwete miyedzo, ano yamura kutitsvenesa.)

2 Hama dzangu, verengai zvose kuti mufaro pamunowira mumatambudziko mazhinji;

DJS, Jakobo 2:1 (enzanisa Jakobo 2:1)

(Nhengo hadzifanire kutora mumwe munhu seari pamusoro zvakanyanyisa kupfuura mumwe.)

1 Hama dzangu, hamungave nerute ndo rwalshe vedu Jesu Kristu, Ishe vekubwinya, uye muchida vamwe kupfuura vamwe.

DJS, I Petro 3:20 (enzanisa I Petro 3:20)

(Mimwe yemweya iri mutirongo yakanga isina kururama mumazuva aNoa.)

20 Vamwe vacho vakanga vasingateerere mumazuva aNoa, apo mwoyo murefu waMwari wakamirira, apo areka yagadzirwa, umo vashoma, ku-reva kuti mweya misere yakaponeswa nemvura.

DJS, I Petro 4:6 (enzanisa I Petro 4:6)

(Vhangeri rinoparidzwa kune avo vakafa.)

6 Nokuda kweizvi, vhangeri rinoparidzwa kwavari avo vakafa, kuti vagotongwa maererano nekutongwa kwevanhu munyama, asi vachirama mumweya maererano nekuda kwaMwari.

DJS, I Petro 4:8 (enzanisa I Petro 4:8)

(Rudo rwakadzama rwunotidzvirira kubva mukutadza.)

8 Kuzvinhu zvose ivai nerudo rwakadzama zvikuru mukati menyu; nokuti rudo rwakadzama rwunodzvirira mhomho yezvitadzo.

DJS, I Johane 2:1 (enzanisa I Johane 2:1)

(Kristu achava murevereri wedu kuna Baba kana tikatendeuka.)

1 Vana vadiki vangu, zvinhu izvi ndinozvinyora kwamuri, kuti musata-dze. Asi kana chero munhu akatadza uye akatendeuka, tine murevereri kuna Baba, Jesu Kristu akarurama;

DJS, I Johane 3:9 (enzanisa I Johane 3:9)

(Ani zvake anozvarwa naMwari haarambe ari muchitadzo.)

9 Uyo ani zvake anozvarwa naMwari haarambe ari muchitadzo; nokuti Mweya waMwari unogara uri maari; uye haangarambe achienderera mberi muchitadzo, nokuti akazvarwa naMwari, agashira uya Mweya mutsvene uya wechivimbiso.

DJS, I Johane 4:12 (enzanisa I Johane 4:12)

(Vanhu chete vanotenda muna Mwari vanogona kuvaona.)

12 Hakuna munhu ati aona Mwari panguva ipi zvayo, kunze kweavo vanotenda. Kana tichidanana, Mwari vanogara matiri, uye rudo rwavo rwunozadziswa matiri.

DJS, Zvakazarurwa 1:1-4 (enzanisa Zvakazarurwa 1:1-4)

(Johane akagashira chakazarurwa kubva kuna Jesu Kristu uye akachipa kuvatungamiri vechechi nomwe muAsia.)

1 Zvakazarurwa zvaJohane, muranda waMwari, izvo zvakapihwa kwari naJesu Kristu, kuratidza kuvaranda vake zvinhu zvakanga zvave pedyo nokuitika, izvo zvaakatumira uye ndokuzivisa nengirozi yake kumuranda wake Johane,

2 Uyo akapupura pamusoro pezwi raMwari, uye nezveuchapupu hwaJesu Kristu, nezve zvinhu zvose zvaakaona.

3 Vakaropafadzwa avo vanoverenga, uye neavo vanonzwa nekunzwisisa

mazwi echiporofita ichi, uye nekuchengeta izvo zvinhu zvakanyorwa machiri, nokuti nguva yekuuya kwaIshe yaswedera pedyo.

4 Zvino uhwu ndihwo uchapupu hwaJohane kuvaranda vanomwe avo vari pamusoro pechechi nomwe mu-Asia. Nyasha kwamuri, uye runyararo kubva kwaari uyo ari, uye uyo aive, neuyo achauya; uyo atumira ngirozi yake kubva pachigaro chake chekutonga, kuzopupura kune avo vanove ndivo varanda vanomwe vari pamusoro pechechi nomwe.

DJS, Zvakazarurwa 2:22 (enzanisa Zvakazarurwa 2:22)

(*Vakaipa vachakandwa mugehena.*)

22 Tarisai, ndichamukanda mugehena, neavo vanopomba naye mukutambudzika kukuru, kunze kwekunge vatendeuka kubva kuzviito zvavo.

DJS, Zvakazarurwa 5:6 (enzanisa Zvakazarurwa 5:6)

(*Gumi nevaviri varanda vaMwari vanotumirwa kupasi rose.*)

6 Uye ndakatarisa, uye, ona, pakati pechigaro chekutonga nepemhuka ina, nepakati pemagosa, pamire Gwayana richiita serakanga rauraiwa, riine nyanga gumi nembiri negumi nemaviri maziso, vari ivo gumi nemavaviri vevaranda vaMwari, vakatumirwa kupasi rose.

DJS, Zvakazarurwa 12:1–17 (enzanisa Zvakazarurwa 12:1–17; Dzidziso neZvibvumirano 77)

(*Mukadzi [Chechi], mwana [umambo hwaMwari], danda resimbi [shoko raMwari], chikara [Satani], naMikaeri zvino tsanangurwa. Hondo yekudenga inoenderera mberi munyika.*)

1 Uye kwakaonekwa chiratidzo chikuru mudenga, chakafanana nezvinhu zviripanyika; mukadzi akapfeka zuva, uye mwedzi uri pasi petsoka dzake, uye pamusoro pake korona yenyenyedzi gumi nembiri.

2 Uye mukadzi uyu ari ane pamuviri,

akachema, achirwadziwa mukuzvara uye nokurwadziwa mukuda kusununguka.

3 Uye akazvara mwana wechirume, uyo aizotonga ose marudzi nedanda resimbi; uye mwana wake ndokutorwa kuna Mwari nechigaro chavo chehushu.

4 Uye kwakaonekwa chimwe chiratidzo mudenga; uye tarisai, chikara chikuru chitsvuku, chaive nemisoro minomwe nenyanga gumi, uye nemakorona manomwe pamisoro yacho. Uye muswe wacho wakakweva chikamu chechitatu chenyenyedzi dzedenga, uye ndokudzikanda kunyika. Uye chikara chakamira pamberi pemukadzi akanga asununguka, chavokuda kudya mwana wake mushure mekuzvarwa kwake.

5 Uye mukadzi akatizira murenje, umo maakanga aine nzvimbo yakanga yakagadzirwa naMwari, kuti vagomupira kudya ipapo kwemakore anoita chiuru nemazana maviri anemakore makumi matanhatu.

6 Uye kwaive nehondo kudenga; Mikaeri nengirozi dzake vakarwa nechikara; uye chikara nengirozi dzacho zvakarwa naMikaeri;

7 Uye chikara hachina kukurira Mikaeri, kana mwana, kana mukadzi iri iyo chechi yaMwari, yakanga yasunungurwa kurwadziwa kwayo, uye yakaunza umambo hwaMwari vedu naKristu wavo.

8 Hakuna kuwanikwa nzvimbo kudenga yechikara chikuru, icho chakakandwa kunze; zinyoka riya rekare rinonzi dhiaborosi, uye zvakare rinonzi Satani, iro rinonyengedza pasi rose; akakandwa kunze munyika; uye nengirozi dzake dzakakandwa pamwechete naye.

9 Uye ndakanzwa izwi guru richiti kudenga, Zvino kwauya ruponeso, nesimba, neumambo hwaMwari vedu, nesimba raKristu wavo;

10 Nokuti mupomeri wehama dzedu akakandwa pasi, uyo akange achivapomera pamberi paMwari vedu siku nesikati.

11 Nokuti vamukurira neropa re-Gwayana, uye nezwi reuchapupu hwavo; nokuti vakanga vasingade upenyu hwavo, asi vakachengeta uchapupu kunyangwe kusvika murufu. Nokudaro, farai matenga, uye nemi munogara maari.

12 Uye mushure mezhvinhu izvi ndakanzwa rimwe izwi richiti, Dambudziko kuvagari vepasi, hongu, uye neavo vachagara muzvitsuwa zvegungwa! nokuti dhiabhorosi auya pasi kwamuri, aine hasha zvikuru, nokuti anoziva kuti ane nguva shoma-shoma chete.

13 Nokuti chikara pachakaona kuti chakandwa pasi, chakashungurudza mukadzi uyo akabereka mwana wechirume.

14 Naizvozvo, kumudzimai kwakapihwa mapapiro maviri egondo guru, kuti agone kutizira murenje, munzvimbo yake, umo maachachengetwa kwechinguvana, uye nenguva, uye nechidimbu chenguva, kubva pameso penyoka.

15 Uye nyoka inoburitsa kubva mumuromo mayo mvura semafashamu

shure kwemukadzi, kuti zvimwe ingaitete kuti atorwe nemafashamu.

16 Uye pasi panoyamura mukadzi, uye pasi panoshama muromo wapo, uye pomedza mafashamu ayo iri kuburitswa nechikara mumuromo macho.

17 Naizvozvo, chikara chakashatirirwa mukadzi, uye chikaenda kunoita hondo nezvizvarwa zvembeu yake, iyo inochengeta mirairo yaMwari, uye iine uchapupu hwaJesu Kristu.

DJS, Zvakazarurwa 19:15, 21

(enzanisa Zvakazarurwa 19:15, 21)

(Mwari vanoshandisa izwi raKristu kurova marudzi.)

15 Uye kubva mumuromo make munobuda izwi raMwari, uye naro vacharova marudzi; uye vachavato nga nezwi remuromo wavo; uye anotsika chisvino chewaini mukutyisa nehasha dzaSamasimba Mwari.

21 Uye avo vakasara vakauraiwa nezwi reuyo akanga akagara pabhiza, riri izwi rakabuda mumuromo wake; uye dzose shiri dzakaguta nenyama yavo.

NHOROONDO YECHECHI
YAKARONGWA SEMAITIKIRO
AZVO, MAMEPU,
NEMIFANANIDZO

1805, Zvita 23

Joseph Smith (1805–44) akazvarwa naJoseph Smith Baba naLucy Mack Smith, Sharon, Vermont (ona Nh—JS 1:3).

1820, Kutanga kwePfumvudza

Muporofita Joseph Smith akagamuchira Chiratidzo cheKutanga mudondo remiti mumadhorobha madiki ePalmyra neManchester, New York, pedyo nemusha wake (ona Nh—JS 1:15–17).

1823, Gunyana 21–22

Joseph Smith akashanyirwa nengirozi Moronai uye akataurirwa nezvezvinyorwa zveBhuku raMormoni. Joseph akaongorora mahwendefa egoridhe akange akavigwa pachikomo chaivepedyo (Kumora) (ona Nh—JS 1:27–54).

1827, Gunyana 22

Joseph Smith akawana mahwendefa egoridhe kubva kuna Moronai paChikomo cheKumora (ona Nh—JS 1:59).

1829, Chivabvu 15

Johane Mubapatidzi akapa Hupirisita hwaAroni kuna Joseph Smith naOliver Cowdery muHarmony, Pennsylvania (ona D&Z 13; Nh—JS 1:71–72).

1829, Chivabvu

Joseph Smith naOliver Cowdery vakagashira Hupirisita hweMerkizedeki kubva kuna Petro, Jakobo, naJohane pedyo nerwizi rweSusquehanna pakati peHarmony, Pennsylvania neColesville, New York (ona D&Z 128:20).

1829, Chikumi

Dudziro yeBhuku raMormoni yakapedzwa. Vapupuri Vatatu neVapupuri Vasere vakaratidzwa mahwendefa egoridhe (ona 2 Ni. 11:3; 27:12–13; D&Z 17).

1830, Kurume 26

Magwaro ekutanga akadhindwa eBhuku raMormoni akavapo, Palmyra, New York.

1830, Kubvumbi 6

Chechi yakavambwa mudhorobha reFayette, New York.

1830 Gunyana–Gumiguru

Vashumiri vekutanga vanodaizwa kuti vashumaire kumaRamani (Vagari vekutanga veAmerica) (ona D&Z 28; 30; 32).

1830, Zvita–Ndira 1831

Vatendi vakarairwa kuti vaungane kuOhio (ona D&Z 37; 38:31–32).

1831, Chikunguru 20

Nzvimbo yeguta reZioni (Jerusarema Idzva) muIndependence, Missouri yakaratidzwa kuna Muporofita Joseph Smith (ona D&Z 57; Mis. yeCh. 1:10).

1833, Kurume 18

Sidney Rigdon naFrederick G. Williams vakatsaurwa seVabatsiri muHutungamiri hweChechi (ona D&Z 81 musoro wechikamu) uye vakapihwa makiyi eumamhuno hwekupedzisira (ona D&Z 90 musoro wechikamu; ndima 6).

1833 Mbudzi 7

Vatendi vakatanga kutiza mhomo dzemanyongori muRuwa rweJackson, Missouri kumhiri kweRwizi rweMissouri vachipinda muRuwa rweClay.

1834 Chivabvu 5

Mutungamiri Joseph Smith akabva muKirtland, Ohio, oenda Missouri semutungamiri weMusasa weZioni kuunza rubatsiro kuneVatendi vaive vadzingwa kubva muRuwa rweJackson.

1835, Kukadzi 14

Chikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri chakarongwa, Kirtland, Ohio (ona D&Z 107:23–24).

1835, Kukadzi 28

Kurongwa kweChikwata Chekutanga cheMakumi Manomwe kwakatanga, Kirtland, Ohio.

1835, Nyamavhuvhu 17

Dzidziso neZvibvumirano rakatambirwa sebhuku dzvvene reChechi, Kirtland, Ohio.

1836, Kurume 27

Temberi yeKirtland yakakumikidzwa (ona D&Z 109).

1836, Kubvumbi 3

Jesu Kristu akazviratidza kuna Joseph Smith naOliver Cowdery muTemberi yeKirtland. Mosesi, Eria, naErija vakazviratidza uye vakapa makiyi eHupirisita (ona D&Z 110).

1837, Chikunguru 19

Heber C. Kimball nevamwe vake vatanhatu vakasvika muLiverpool, England muhushumiri hwekutanga hweChechi kumhiri kwamakungwa.

1838, Kubvumbi 26

Zita reChechi rakadomwa kuburikidza nezvakazarurwa (ona D&Z 115:4).

1838, Zvita 1

Muporofita Joseph Smith nevamwe vanoazaririrwa

- muJeri reLiberty, Liberty muRuwa rweClay, Missouri (ona D&Z 121-123).
- 1840, Nyamavhuvhu 15**
Rubhabhatidzo rwevakafa rwakaziviswa pachena neMuporofita Joseph Smith.
- 1841, Gumiguru 24**
Gosa Orson Hyde aka-kumikidza Nyika Tsvene kuitira kudzoka kwevana vaAbrahama (ona D&Z 68:1-3; 124:128-129).
- 1842, Kurume 17**
Chita cheRubatsiro che-Madzimai chakarongwa, Nauvoo, Illinois.
- 1842, Kubvumbi 4**
Maendaumendi emute-mberi ekutanga azere akapihwa.
- 1844, Chikumi 27**
Joseph Smith naHyrum Smith vakaurairwa chite-ndero muJeri reCarthage (ona D&Z 135).
- 1846, Kukadzi 4**
Vatendi vekuNauvoo vakatanga kuyambuka Rwizi rweMississippi kuen-da kumadokero. Vamwe Vatendi vekumabvazuva vakakwira ngarava *Brooklyn* kubva kuNew York City vachienda kuCalifornia.
- 1846, Chikumi 16**
Mauto emaMormoni akadaidzwa mumauto eAmer-ica mulowa.
- 1847, Kubvumbi**
Chikwata chevavaruri cheMutungamiri Brigham Young chakabva kuWinter Quarters murwendo rwe-kumadokero (ona D&Z 136).
- 1847, Chikunguru 24**
Mutungamiri Brigham Young akapinda muNhika yeSalt Lake.
- 1847, Zvita 27**
Musangano mukuru weChechi wakatsigira Mutungamiri Brigham Young, Gosa Heber C. Kimball neGosa Willard Richards seVatungamiri veKutanga.
- 1848, Chivabvu-Chikumi**
Makurwe muNhika yeSalt Lake akaparadza zvirimwa. Minda yakanunurwa kubva mukuparadzwa zvachose negurusvusvi reshiri dzenyanza dzakapedza kudya makurwe.
- 1849, Zvita 9**
Chikoro cheSvondo chakarongwa naRichard Ballantyne.
- 1850, Chikumi 15**
Nhau dzeDeseret dzakatanganga kuburitswa muSalt Lake City.
- 1856, Gumiguru**
Zvikwata zvengoro dzemaoko zvaWillie naMartin zvakambomiswa nedutu rechando chekutanga. Vakawanikwa nechikwata cherununuro chakabva kuNhika yeSalt Lake.
- 1867, Zvita 8**
Chita cheRubatsiro chakarongwazve pasi pehutungamiri hwaMutungamiri Brigham Young.
- 1869, Mbudzi 28**
Chikwata cheVasikana Vechidiki vasina mabasa chakarongwa, chichimirira chakazova chirongwa cheVasikana Vechidiki.
- 1875, Chikumi 10**
Chikwata cheVarume Vechidiki cheKuzvikudziridza pahunhu chakarongwa, chikazova chirongwa cheVakomana Vechidiki.
- 1877, Kubvumbi 6**
Temberi yeSt. George yakakumikidzwa. Mutungamiri Brigham Young akatambira zvakazarurwa zvekugadziridza hurongwa hwemapisita nehoko dzeZioni.
- 1878, Nyamavhuvhu 25**
Aurelia Spencer Rogers akaita musangano wekutangisisa weVana Vadiki muFarmington, Utah.
- 1880, Gumiguru 10**
John Taylor akatsigirwa seMutungamiri weChechi. Dombo reMutengo Mukuru rakatambirwa sebhuku dzvene.
- 1883, Kubvumbi 14**
Zvakazarurwa kuna John Taylor pamusoro pehurongwa hweMakumi Manomwe.
- 1889, Kubvumbi 7**
Wilford Woodruff akatsigirwa seMutungamiri weChechi.
- 1890, Gumiguru 6**
"Chiziviso" chakatsigirwa mumusangano mukuru weruzhinji, chichizivisa magumo etsika yebarika (ona Chirevo—1)
- 1893, Kubvumbi 6**
Mutungamiri Wilford Woodruff akakumikidza Temberi yeSalt Lake, yakatora makore 40 ichivakwa.
- 1898, Gunyana 13**
Lorenzo Snow akave Mutungamiri weChechi.
- 1899, Chivabvu 17**
Mutungamiri Lorenzo Snow akatambira zvakazarurwa muSt. George zvichimutunha kuti akomekedze chegumi (ona D&Z 119).

- 1901, Gumiguru 17**
Joseph F. Smith akave Mutungamiri weChechi.
- 1918, Gumiguru 3**
Mutungamiri Joseph F. Smith akagamuchira chiratidzo cherununuro rwevakafa (ona D&Z 138).
- 1918, Mbudzi 23**
Heber J. Grant akave Mutungamiri weChechi.
- 1936, Kubvumbi**
Chirongwa cheChechi chekuchengetedza chakadzikwa kubatsira varombo munguva yeHuroombo Hukuru, chikazove chirongwa cheChechi chemagariro akanaka. Chirongwa ichi chakakura kubva muzvakazarurwa zvakange zvatambirwa neMutungamiri Heber J. Grant pakutanga.
- 1941, Kubvumbi 6**
Vabatsiri kuvaneGumi neVaviri vanodaidzwa kekutanga.
- 1945, Kubvumbi 21**
George Albert Smith akave Mutungamiri weChechi.
- 1951, Kubvumbi 9**
David O. McKay akatsigirwa seMutungamiri weChechi.
- 1961, Gunyana 30**
Gosa Harold B. Lee, ari pasi pehutungamiri hweVatungamiri veChechi Vekutanga, akazivisa kuti hurongwa hwose hweChechi hwaizobatanidzwa kuburikidza nehupirisita kusimbaradza mhuri uye nemunhuwo zvake.
- 1964, Gumiguru**
Kuchengetedzwa kwenguva yemhuri yemanheru kwakakomekedzwazve.
- 1970, Ndira 23**
Joseph Fielding Smith akave Mutungamiri weChechi.
- 1971, Ndira**
Mabhuku matsva eChechi anedzidziso nemifanapidziso—*Ensign, New Era, neFriend*—akatanga kuburitswa.
- 1972, Chikunguru 7**
Harold B. Lee akave Mutungamiri weChechi.
- 1973, Zvita 30**
Spencer W. Kimball akave Mutungamiri weChechi.
- 1975, Gumiguru 3**
Mutungamiri Spencer W. Kimball akazivisa nezvekurongwazve kweChikwata cheMakumi manomwe.
- 1976, Kubvumbi 3**
Zvakazarurwa zviriviri zvikawedzerwa kuDombo reMutengo Mukuru. Muna 1981 zvikabviswa zvika-zova D&Z 137 ne138.
- 1978, Gunyana 30**
Chakazarurwa chakatsigirwa neChechi chaita kuti Hupurisita hupihwe kunhengo yose yemunhurume inokodzera yeChechi zvisina kutarisa rudzi kana ruvara (ona Chirevo—2).
- 1979, Nyamavhuvhu**
Bhaibheri raMambo Jemisi rinoshandiswa neVME (LDS) rinebatsiro mukudzidza rakaburitswa.
- 1981, Gunyana**
Zvinyorwa zvitsva zve-Bhuku raMormoni, Dzidziso neZvibvumirano, Dombo reMutengo Mukuru zvakaburitswa muChirungu.
- 1984, Chikumi**
Vatungamiri veMatunhu vakagadzwa, kubva munhengo dzeMakumi Manomwe.
- 1985, Mbudzi 10**
Ezra Taft Benson akave Mutungamiri weChechi.
- 1989, Kubvumbi 1**
Chikwata Chepiri cheMakumi Manomwe chakarongwazve.
- 1994, Chikumi 5**
Howard W. Hunter akave Mutungamiri weChechi.
- 1995, Kurume 12**
Gordon B. Hinckley akave Mutungamiri weChechi.
- 1995, Kubvumbi 1**
Chinzvimbo chemumiriri wedunhu chakamiswa. Chiziviso chechinzvimbo chitswa chehutungamiri chaizozivikanwa seVatungamiri veMatunhu.
- 1995, Gunyana 23**
“Mhuri: Chiziviso kuNyika” kubva kuVatungamiri neDare reVaapostori vaneGumi neVaviri chakabuditswa.
- 1997, Kubvumbi 5**
VaTungamiri veMatunhu vakagadzwa seMakumi Manomwe. Chikwata Chetatu, China neChishanu cheMakumi Manomwe chakaziviswa.
- 1997, Gumiguru 4**
Mutungamiri Hinckley akataura zvekuvakwa kwematemberi madiki.
- 1997, Mbudzi**
Huwandu hwenhengo dzeChechi hwakasvika mamiriyoni 10.
- 1998, Kubvumbi**
Mutungamiri Hinckley akazivisa nezvechinangwa chekuve nematemberi 100 anoshanda panosvika gore ra2000.

Mifananidzo iyi inokosha yenzvimbo dzenhoroondo dzeChechi inoratidza nzvimbo dzakafambwa neVatendi vekutanga, apo Maporofita vazvino vakagara nekudzidzisa, uye pakaitikira zviitiko zvakawanda zvemumagwaro matsvene. Kukubatsira zvirinani kushandisa mifananidzo mudzidzo yako, mufananidzo mumwe nemumwe unotewerwa netsananguro pfupi. Chinongedzo chetsananguro nemusoro wacho zvino wirirana nemufananidzo uyu unechinongedzo

nemusoro mumwechetewo. Mufananidzo wekutanga unotevedza musoro wetsananguro unotsanangura mamiriro emufananidzo, zvichisanganisira zvinhu zvinokosha kuona uye kazhinji mamiriro akange akaita mutori wemufananidzo nekwaakange akatarisa. Zviitiko zvemagwaro zvinokosha kubva munzvimbo iyi zvakanyorwa, pamwechete nepaunogona kuzviwana mumagwaro kuti ukwanise kuziva pekuverenga zvakawanda nezvezviitiko izvi.

1. Dondo reMiti Rinoyera

Dondo reMiti rinoYera riri muMadhorobha Madiki ePalmyra neManchester, New York. Dondo remiti iri riri kumadokero kwaive neimba yemapango yemhuri yaSmith muna 1820.

Chiitiko Chinokosha: Kuzviratidza kwaMwari Baba neMwanakomana wavo Jesu Kristu, kune Muporofita Joseph Smith kwakaitikira mudondo muno (Nh—JS 1:14–20).

2. Chikomo cheKumora neDunhu reManchester-Palmyra

Wakatarisa nechekuchamhembe, mufananidzo uyu unoratidza Chikomo cheKumora, muManchester, New York. Chikomo chinoonekwa pamugonyo wemufananidzo nechepasi kuruo ko rwerudyi uye chinoenderera zvisomanana pamusoro nechepakati nepakati pekumusoro kwemufananidzo. Chiumbwa chichena chinoonekwa nekuchamhembe kunoperera chikomo chinoremekedza ngirozi Moronai uye nekuuyawo kweBhuku raMormoni. Chikomo cheKumora chiri makiromita angasvika mashanu nechekumaodzanyemba kwemabvazuva eDondo remiti Rinoyera. Pedyo nekumusoro kwemufananidzo kunePalmyra, makiromita matanhatu nehafu kubva pane chikomo. Purazi ranaSmith neDondo reMiti Rinoyera zvirinechepamusoro kuroboshwe kwemufananidzo.

Zviitiko Zvinokosha: Mhuri yeMuporofita Joseph Smith yaigaara munzvimbo ino panguva yeChiratidzo Chekutanga (Nh—JS 1:3). Muna 421 Kristu azvarwa, Moronai akaviga butwa remahwendefa egoridhe mugomo reKumora anehoroondo inoyera yevanhu vake (Mazwi 1:1–11; Morm. 6:6; Moro. 10:1–2). Moronai mumwecheteyo akaudza Joseph Smith pekuwana mahwendefa—nechekuchamhembe kunoperera chikomo, kudivi rekumadokero, pedyo nechepamusoro. Moronai

akauya nayo kwaari muna 1827 (D&Z 27:5; 128:20; Nh—JS 1:33–35, 51–54, 59).

3. Imba yeMapango yaJoseph Smith Baba

Imba yakafanana neyaJoseph Smith Baba, yakavakwa panzvimbo paimbova neimba yemapango yekutanga pedyo nePalmyra, New York. Mhuri yaSmith yakavaka imba ine muturikidzwa mumwechete nehafu yemapango yekutanga nguva shomanana vasvika muPalmyra.

Zviitiko Zvinokosha: Muporofita Joseph Smith akaverenga zvakadzama bhaibheri mumba ino apo ainetsekana kuti azive chechi vechokwadi (Nh—JS 1:11–13). Moronai akazviratidza kuna Joseph uye akamuudza nezve mahwendefa eBhuku raMormoni (Nh—JS 1:30–47).

4. Mushina weGrandin neChitiro cheKudhindira

Chivako chechitiro chekudhindira chinenhoroondo chaEgbert B. Grandin uko kunova kwakabuditswa maBhuku aMormoni ekutanga muna 1830. Martin Harris akabatisa purazi rake pakukwereta uye akatengesa chikamu charo kuti vabhadhare mutengo wekudhindwa kwemaBhuku aMormoni zviuru zvishanu. Kugadzirira kwekudhinda kwakutanga munaNyamavhuvhu 1829, uye mabhuku akepera kudhindwa akawanikwa musi wa26 Kurume 1830.

Chiitiko Chinokosha: Martin Harris akarairwa kuti ape pachena zvinhu zvake kubhadhara chikwereti chekudhindwa kweBhuku raMormoni (D&Z 19:26–35).

5. Rwizi rweSusquehanna

Mufananidzo uyu unoratidza Rwizi rweSusquehanna mudhorobha diki reHarmony, Pennsylvania.

Zviitiko Zvinokosha: Joseph Smith Mwana. Akatanga kuuya kuHarmony muna 1825 kuzotsvaga basa. Iye nababa vake vakagara

pedyo nemusha waIsaac Hale, apo Joseph akasangana kekutanga naEmma Hale, akazove mukadzi wake (Nh—JS 1:56–57). Joseph naEmma vakaroorana musi wa18 Ndira 1827. Muporofita akapihwa mahwendefa egoridhe musi wa22 Gunyana 1827 paManchester, New York, munguva shoma kubva ipapo vakatamira naEmma kuHarmony, uko kwakatanga kududzira zvaive pamahwendefa muimba yavo diki pedyo nerwizi. Munguva yekududzirwa kweBhuku raMormoni, Joseph naOliver Cowdery vaidakuziva zvakanwanda nezverubhabhatidzo vakaenda kurwizi kunonamata kuna Ishe nezvenyanya iyi. Mukupindura munamato, Johane Mubapatidzi akazviratidza musi wa15 Chivabvu 1829 (Nh—JS 1:66–74; D&Z 13). Akagadza Hupirisita hwaAroni kuna Joseph naOliver. Vakabva vaenda murwizi vakaombekana kuti vakanganirwe zvitadzo. Joseph naOliver vakabva vaudzwa naJohane Mubapatidzi kuti vagadzane Hupirisita hwaAroni. Mushure macho, Petro, Jakobo, naJohane vakazviratidza pamahombekombe erwizi urwu uye vakagadza Joseph naOliver Hupirisita hwaMerkizedeki (D&Z 27:12–13; 128:20)

6. Imba yeMapango yaPeter Whitmer Baba

Kuvakurudzwa kweimba yeMapango yaPeter Whitmer Baba, yakavakwa panzvimbo yaimbova nehwaro hweimba yekutanga muFayette, New York.

Zviitiko Zvinokosha: Joseph Smith akapedza kududzira Bhuku raMormoni pano mukupeera kwaChikumi 1829. Musango pedyo neimba ino vaPupuri Vatatu vakaona ngirozi Moronai uye mahwendefa egoridhe. Chapupu chavo chakadhindwa mumaBhuku aMormoni. Musi wa6 Kubvumbi 1830, vanhu vangasvika makumi matanhatu vakaungana pamba paPeter Whitmer kuzoona kuvambwa kweChechi yaJesusu Kristu. Misangano yekutanga nemisangano mikuru yeChechi diki iyi yakaitirwa pano. Zvakazarurwa makumi maviri zviri muDzidziso neZvibvumirano zvakanambirwa muimba maPeter Whitmer.

7. Chitoro chaNewel K. Whitney neVamwe

Chitoro chino chakaita basa guru munhoroono yeChechi muKirtland. Joseph naEmma Smith vakagara pano kwenguva pfupi. Chakave muzinda mukuru weChechi muna 1832. Zvakazarurwa zvinokosha zvizhinji zvakatambirwa pano. Chikoro cheMaporofita

chakaitwa muchitoro kubva musi wa24 Ndira 1833 kusvika imwe nguva muna Kubvumbi 1833.

Zviitiko Zvinokosha: Muporofita Joseph akatambira chakazarurwa pamusoro peShoko reUngwaru (D&Z 89). Akaita basa rake rakawanda rekududzira Bhaibheri pano.

8. Musha waJohn Johnson

Musha waJohn naAlice Johnson wakanga uri muHiram, Ohio. Mupanda uyu uri pamudurikidzwa wechipiri.

Zviitiko Zvinokosha: Muporofita Joseph Smith nemukadzi wake, Emma, vakagara muimba iyi. Joseph naSidney Rigdon vakatambira chiratidzo chinoshamisa chezvikuve ne pamberi pevamwe vakatikuti musi wa16 Kukadzi 1832 (D&Z 76). Muporofita Joseph akashandawo paDudziro yaJoseph Smith yeBhaibheri (DJS) muimba ino. Musi wa24 Kurume 1832, apo Joseph naEmma vaigara pano, mhomho yevanhu vakanga vasisatende nevakange vasingafariri maMormoni vakarova zvakaipisisa uye vakazora tara nekuisa minhenga Joseph naSidney.

9. Temberi yeKirtland

Temberi yeKirtland iri muKirtland, Ohio.

Zviitiko Zvinokosha: Temberi yeKirtland ndiyo temberi yekutanga kuvakwa mumukuwo wevhangeri uno (D&Z 88:199; 95). Mutemberi muno Joseph Smith akaona chiratidzo cheumambo hweserestiaro (D&Z 137). Yakakumikidzwa musi wa27 Kurume 1836 (D&Z 109). Musi wa3 Kubvumbi 1836, Muponesi akazviratidza uye akagashira temberi senzvimbo yaaiuya kuzopa zvakarurwa zveshoko rake kuvanhu vake (D&Z 110:1–10). Mumashure mechiratidzo ichi Joseph Smith naOliver Cowdery vakatambira kushanya kubva kuna Mosesi, Eria, naErija, vose ava vanova vakavapa makiyi ehumwe hupirisita uye nemazwi anakosha (D&Z 110:11–16). Temberi ino yakashandira Vatendi kwemakore maviri vasati vatiza muKirtland nekudakwekutambudzwa.

10. Nhika yeAdama-ondi-Amani

Wakatarisa kumabvazuva nechepakati penhika yeAdama-ondi-Amani, nhika ine runyararo, yakanakisa iri kuchamhembe kwakadziva kumadokero kweMissouri pedyo nemusha weGallatin.

Zviitiko Zvinokosha: Makore matatu asati afa, Adama akadaidza zvizvarwa zvake zvakarurama munhika ino akavapa chikomborero

chake chekupedzisira (D&Z 107:53–56). Muna 1838 Adama-ondi-Amani yaiva nzvimbo yeVatendi veMazuva eKupedzisira vaive pakati pemazana mashanu nechiuru chimwechete. Vatendi vakasiya nzvimbo iyi pavaka dzingwa muMissouri. Kristu asati Adzoka Kechipiri mukubwinya, Adama nezvizarwa zvake vakaurama, zvichisanganisira vatendi vose vemikuru yose, vachaungana zvakare munhika iyi kuti vasangane neMuponesi (Dan. 7:9–10, 13–14; D&Z 27; 107:53–57; 116:1).

11. Nzvimbo yeTemberu yekuFar West

Nzvimbo yekuFar West, Missouri, yakave musha kuVatendi 3,000 kusvika 5,000 vakatsvaga kupotera kubva mukutambudzwa mumaKuva eJackson neClay. Musi wa31 Gumuguru 1838 Muporofita Joseph Smith nevamwe vatungamiri veChechi vakasungwa uye, mushure mekutongwa muRichmond, vakaiswa muJeri reLiberty. Munguva yechando cha1838–39, Vatendi veMazuva eKupedzisira vakadzvingwa kubva muFar West uye mudzimwe nzvimbo dzemuMissouri vakangara muIllinois.

Zviitiko Zvinokosha: Nzvimbo yekuvakira temberu yakakumikidzwa uye matombo emhandiko akaiswa. Zvakazarurwa zvinomwe zvakabuditswa muDzidziso neZvibvumirano zvakatambirwa (zvikanu 113–115; 117–120). Joseph F. Smith, mutungamiri wechitanhatu weChechi akazvarwa musu wa13 Mbudzi 1838 muFar West. Far West yakashanda kwenyika shomanani semuzinda weChechi pasi peMuporofita Joseph Smith.

12. Jeri reLiberty

Jeri diki riri muLiberty, Missouri. Joseph Smith nevamwe vake vashanu vakabatwa muhusingwa muJeri iro raiva nemadziro anehupamhi hwekusimba hwaive mamita 1,2 kubva musu wa1 Zvita 1838 kusvika musu wa6 Kubvumbi 1839. (Sidney Rigdon akaregedzwa mukupera kwaKukadzi.) Vakamanikidzirwa muchikamu chepazasi kana kuti muchikamu chepasi-pasi uye vasina zvekuzvidzivirira kubva kuchando chinotonhora.

Chiiitiko Chinokosha: Muporofita Joseph, achikumbira zvinopisa tsitsi pamusoro peVatendi veMazuva eKupedzisira vaidzvingwa muMissouri, akatambira mhinduro kumunamato wake, iyo yaaka nyora mutsamba kuvatendi vaiva vapoterewa (D&Z 121–123).

13. Imba Huru muNauvoo

Joseph Smith Mwana nemhuri yake vakapinda muImba Huru muNauvoo muna

Nyamavhuvhu 1843. Mushure vakaiwedzera nechimwe chikamu kudivi rekumabvazuva ikava nemipanda makumi maviri nemhuri. Kutanga kwaNdira 1844, Ebenezer Robinson akava nesimba rekutarira imba iyi semba yevashanyi, Muporofita akaramba achishandisa mipanda mitanhatu nemhuri yake. Imba yakashanda senzvimbo yekutandarira yevagari vemuNauvoo. Vakuru vanokosha vakatambirwa pano naMuporofita.

Zviitiko Zvinokosha: Musu wa27 Chikumi 1844 Muporofita Joseph Smith nemukoma wake vakapfurwa vakafa muCarthage, Illinois, uye mitumbi yavo yakaunzwa muimba ino yakamirira kuvigwa. Vakavigwa panzvimbo diki yemakuva emhuri yaiva mumusha wavo kumhuri zvisomanani kweMugwagwa Mukuru, kumadokero kweimba yemapango yakare yakagara Joseph achangotanga kuuya muNauvoo. Emma Smith akagara muImba Huru kusvika muna 1871. Akazobva onogara muimba yeNauvoo, maakazofira muna 1879.

14. Chitoro cheZvidhinha Zvitsvuku cheMuporofita Joseph Smith

Chivakurudzwo ichi chechitoro nehofisi yaJoseph Smith chiri muNauvoo, Illinois. Chakanga chiri chimwe chezivako zvaiokosha zvikuru muChechi munguva dzeNauvoo. Kwete chete kushanda sechitoro, asiwo chakave nzvimbo huru yezviitiko zvekugarisana, zveupfumi, zvevatongerwo enyika, uye zvekunamata. Joseph Smith akaramba anehofisi yake pamudurikidzwa wepiri.

Chiiitiko Chinokosha: Temberu isati yapera, mumba yepamusoro yechitoro yaishandiswa semba yezvisungo, umo makapirwa maenda-umendi ekutanga azere. Musu wa17 Kurume 1842, Muporofita Joseph akaranga madzimai eChechi kuveChita cheRubatsiro.

15. Temberu yeNauvoo

Ichi chikero chemuenzaniso weTemberu yeNauvoo chiri panzvimbo yaimbove netemberu yekutanga. Temberu yakavakwa nemabwe emunharaunda eraimu eneruvara rwakada kuita sepfumbu. Ruvako urwu rwaive rwakareba mamita makumi matatu nepfumbamwe, nehupamhi mamita makumi maviri nemanomwe. Pamusoro peshongwe pakanga pakareba mamita makumi mana nemasere kubva pasi. Nhenzo dzechechi dzakaita zvipiro zvakakurisisa kuvaka temberu yakanakisa, vachitangisa basa muna 1841. Vamwe vakashanda kwemwedzi yakati kuti pachivako ichi. Vamwe vakapa mari yavo yose. Kunyangwe

zvazvo yakange isinakunyatsopera, temberi yakazarisisa nenhengo dzaiuya kuzvisungo munguva yemwedzi yekuzotizira kwavo kumadokero. Apo vazhinji veVatendi vakabuda muNauvoo mukutanga kwempfumvudza kwa1846 pasi pekutyisidzirwa zvakaomarara nemhombo yemanyongori, chikwata chenyanzvi chakasara kuti chipedzise kuvaka temberi. Musi wa30 Kubvumbi 1846, Magosa Orson Hyde naWilford Woodruff nevamwe vangangoda kusvika 20 vakakumikidza imba iyi yalshe. Temberi yakasiyiwa munaGunyana apo nhengo dzeChechi dzaise dzasara dzakatinhwa kubva muNauvoo; mauto emhombo yemanyongori akazo paza nekusvibisa chimiswa chinoyera. Yakazoparadzwa nemoto munaGumiguru 1848.

Zviitiko Zvinokosha: Musangano mukuru weruzhinji wakaitirwa muimba yekuungana yetemberi musu wa5 Gumiguru 1845. Basa reendawumenti rakatanga musu wa10 Zvita 1845 uye rikaenderera mberi kusvika musu wa7 Kukadzi 1846. Vatendi Vemazuva Ekupedzisira vanodarika zviuru zvishanu nemazana mashanu vakatambira maendawumenti avo, uye kubhabhatidzwa kwakawanda kwevakafa nekusunganidzwa zvakaitwa.

16. Jeri reCarthage

Imba yejeri mudhorobha reCarthage, Illinois.

Zviitiko Zvinokosha: Joseph Smith nemukoma wake Hyrum vakaenda kuCarthage musu wa24 Chikumi 1844. Vakabva vakandwa mujeri iri musu wa25 Chikumi mukupomerwa mhoswa yemanyepo yekupandukira nyika. Musu wa27 Chikumi mhomho yevarume vaive vakazora zvakasviba kumeso kwavo vakapinda mujeri zvine chisimba. Vose Joseph naHyrum vakapfura vakafa, uye John Taylor akakuvadzwa panzvimo dzakawanda. Zvinoshamisira, Willard Richards haana kukuvara. John Taylor akazonzora yeuko yakafemerwa inowanikwa zvino muDzidziso neZvibvumirano 135.

17. Rwendo rukuru rweKumadokero

Kutanga kwekubuda kubva muNauvoo, Illinois, kwakarongwa kuti kuve munaKurume-Kubvumbi, asi nekuda kwekutyisidzira kwaiita mhomho yevanhu Mutungamiri Brigham Young akaudza Vatendi kuti rwendo rukuru rwekuyambuka Rwizi rweMississippi rwutange musu wa4 Kukadzi 1846. Mutungamiri Young akambosara achipa maendaumendi kuVatendi vasina kubuda muNauvoo kusvika pakati paKukadzi.

Zviitiko Zvinokosha: Asati afa Muporofita Joseph Smith akaporofita, “Vamwe venyu vachararama zvekuenda kunobatsira kugadzira nzvimbo nekuvaka maguta uye kuona Vatendi vachiva vanhu vakasimba mukati meMakomo eRukangarabwe.” Vatendi vanga-svika 12,000 vakabuda muNauvoo kubva munaKukadzi kusvika munaGunyana 1846. Mushure mekunge Vatendi vabva paWinter Quarters nenzvimbo dzepamashure, vakarongwa muzvikwata zvegumi, zvemakumi mashanu, nezvemazana, pasi pemutungamiri wechikwata (D&Z 136:3). MunaGunyana 1846 mhomho yevarume vangasvika mazana masere vaive nezvombo zviuru zvitanzhatu vakatanga kurwisa Nauvoo. Mushure memazuva akati wandei ekurwa, Vatendi vaiva vasara vakamanikidzwa kuregera kurwa kuitira kutivararame uye vagogona kuwana mukana wekuyambuka rwizi. Mazana mashanu kusvika matanzhatu evarume, vakadzi, nevana vakayambuka rwizi uye vakavaka musasa pamahombekombe erwizi. Mutungamiri Brigham Young akatumira zvikwata zvekubatsira nezvinhu zvekubatsira kuti vatamise vatendi ava “vainzvisa urombo.”

18. Temberi yeSalt Lake

Mumashure memazuva mashoma chikwata chevavaruri cheVatendi vaMazuva eKupedzisira chakafanotungamira chakapinda muNhika yeSalt Lake, Mutungamiri Brigham Young akarova pasi netsvimbo yake akataura zvinesimba achiti, “Pano tichavaka Temberi yaMwari wedu.” Mucherechedzo wekutanga kuvaka wakaitwa musu wa14 Kukadzi 1853. Musu wa6 Kubvumbi 1853, hwaro hwakaiswa pasi. Temberi yakapera uye ikakumikidzwa makore makumi mana akazotevera musu wa6 Kubvumbi 1893. Vatungamiri veKutanga neChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri vanoungana pano svondo rega rega vachizeya uye kukumbira nzira yalshe mukushandira nekuvaka umambo hwaMwari.

Zviitiko Zvinokosha: Ishe vakapa Vatungamiri veChechi nevamwe Vakuru vaneMvumo mweya wakanyanisa wezvakarurwa pano, zvichisanganisira Chirevo cheChechi—2. Mumazuva ano, Vatungamiri veKutanga neDare reVaapositori vaneGumi neVaviri vakawirirana pamwechete uye vakabuditsa “Mhuri, Chiziviso kuNyika.” Zvisungo zvemuTemberi zvinoitirwa vose vapenyu nevakafa zvakomborera zviuru nezviuru zvevanhu.

MUNONGEDZO WEMAZITA-ENZVIMBO

Adama-ondi- Amani, Missouri, 5:D3	Zvidhinha, Kirtland, 4:A2	Far West, Missouri, 5:D3, 6:E2	Liberty, Missouri, 5:D4, 6:E2
Africa, 7:E2	Chivako	Fayette, New York, 1:A3, 3:G2, 6:G1	Los Angeles, 6:A3
Albany, New York, 1:C3	Chekupisira Huni Dzedota, Kirtland, 4:B3	Finger Lakes, New York, 1:A3, 3:G2	Maine, 1:D2
America yeKucha- mhembe, 7:B2	Cleveland, Ohio, 3:C4	Freedom, New York, 3:F2	Massachusetts, 1:C3
America yeKumao- dzanyemba, 7:C3	Colesville, New York, 1:B3, 3:H3	Gallatin, Missouri, 5:D3	Mendon, New York, 3:F2
America yePakati, 7:B2	Connecticut, 1:C3	Garden Grove, Iowa, 5:D2	Mexico, 6:B3
Amherst, Ohio, 3:C4	Council Bluffs (Kanesville), Iowa, 5:C1, 6:E2	Gilsum, New Hampshire, 1:D2	Mishoni yeSan Luis Rey, 6:A4
Antarctica, 7:E4	DeWitt, Missouri, 5:E3	Gomo rePisgah, Iowa, 5:D1	Missouri, 5:F3, 6:E3
Asia, 7:F2	Dhamu guru re- Kirtland, 4:B2	Great Salt Lake, 6:B2	Montrose, Iowa, 5:F2
Australia, 7:G3	Dhorobha Diki re- Farmington, dunhu re- Palmyra, 2:A4	Harmony, Pennsylvania, 1:B3, 3:H3	Mugero weErie, New York, 2:B2, 3:F1
Bainbridge yeKu- maodzanyemba, New York, 3:H3	Dhorobha Diki reMacedon, dunhu re- Palmyra, 2:A1	Hiram, Ohio, 3:C4	Mugonyorwa weMcIlwaine, Missouri, 5:E3
Bhangi, reKirtland, 4:B4	Dhorobha Diki reManchester, New York, 1:A3, 2:D3, 3:F2	Hofisi yeKudhindi- ra, Kirtland, 4:B4	Mugwagwa we- Canandaigua, dunhu re- Palmyra, 2:C3
Boston, Massachusetts, 1:D3	Dunhu riripasi pehutongi hwe- maIndia echiA- merica, 5:B2, 6:C1, 6:D3	Illinois, 5:G3, 6:F2	Mugwagwa we- Chillicothe, Kirtland, 4:B4
Buffalo, New York, 3:E2	Dunhu riripasi pehutongi hwe- Oregon 6:A1	Imba yevayeni yaJohnson, John, Kirtland, 4:B2	Mugwagwa we- Cowdery, Kirtland, 4:A3
California, 6:A3	Dziva reErie, 3:C3	Independence, Missouri, 5:D4, 6:E2	Mugwagwa weFox, dunhu re- Palmyra, 2:A3
Canada, 1:C1, 3:C3, 3:D2, 6:F1	Dziva reHuron, 3:C1	Indiana, 6:F2	Mugwagwa weImba yeChikoro che- Armington, dunhu re- Palmyra, 2:D3
Carthage, Illinois, 5:G2	Dziva reOntario, 1:A2, 3:E1	Iowa, 5:E1, 6:E2	Mugwagwa we- Joseph, Kirtland, 4:A4
Chigayo, Kirtland, 4:B2	Europe, 7:E1	Kakova rwe- Hathaway, dunhu rePalmyra, 2:B2, 2:D4	Mugwagwa we- Markell, Kirtland, 4:A2
Chigayo chaHaun, Missouri, 5:D3		Kirtland, Ohio, 3:C3, 6:F2	Mugwagwa we- Stafford, dunhu rePalmyra, 2:B4
Chigayo cheMapu- ranga, Kirtland, 4:B2		Knight, Joseph, Baba, Musha, Dhorobha Diki reColesville, New York, 3:H3	Mugwagwa we- Whitney, Kirtland, 4:A3
Chikomo che- Kumora, dunhu rePalmyra, 2:C4		Knight, Vinson, Musha, Kirtland, 4:A4	Musha waMartin Harris, Kirtland, 4:D4
Chikoro, Kirtland, 4:B3		Kumakuva, Kirtland, 4:B3	
Chitoro che- Kudhindira chaE. B. Grandin, Palmyra, 2:C2		Lebanon, New Hampshire, 1:D2	
Chitsuwa cheRhode, 1:D3			
Chivako Chekugadzirira			

Musha wePalmyra, New York, 2:C2	Pueblo, 6:C3 Purazi ralsaac Morley, Kirtland, 4:D1	Rwizi rweDelware, 1:B4	Mapango, dunhu rePalmyra, 2:B3
Nauvoo, Illinois, 5:F2, 6:E2	Purazi raMartin Harris, dunhu rePalmyra, 2:B1	Rwizi rweFishing, Missouri, 5:D3	Smith, Joseph, Baba, Musha weMa- puranga, dunhu rePalmyra, 2:B3
New Hampshire, 1:D2	Quincy, Illinois, 5:F2, 6:E2	Rwizi rweGila, 6:B4	Smith, Joseph, Baba, Purazi, dunhu rePalmyra, 2:B3
New Jersey, 1:B4	Ramus, Illinois, 5:G2	Rwizi rweGrand, Missouri, 5:D2	Smith, Joseph, Mwana, Chitoro cheZvakasiyana- siyana, Kirtland, 4:B3
New York, 1:B3, 3:F3, 6:G1	Richmond, Missouri, 5:D4	Rwizi rweHudson, New York, 1:C3	Smith, Joseph, Mwana, Musha, 3:H3, 4:B3
New York City, 1:C4, 6:G1	Rigdon, Sidney, Musha, Kirtland, 4:B4	Rwizi rweMissis- sippi, 5:G3	Springfield, Illinois, 5:H2
Norwich, Vermont, 1:D2	Rochester, New York, 3:F1	Rwizi rweMissouri, 5:C2, 5:F4	St. Louis, Missouri, 5:H4
Nyanza yeAtlantic, 1:D4, 6:H2	Rukova rweRed, dunhu re- Palmyra, 2:D2	Rwizi rwePecos, 6:C4	Temberi yeKirtland, 4:B4
Nyanza yeAtlantic yeKuchamhembe, 7:D2	Rukova rweShoal, Missouri, 5:D3	Rwizi rwePlatte, 5:B1	Thompson, Ohio, 3:D3
Nyanza yeAtlantic yeKumaodzanyem- ba, 7:D4	Rusvingo rwe- Bridger, 6:C2	Rwizi rwePlatte rweKuchamhe- mbe, 6:C2	Topsfield, Massachusetts, 1:D3
Nyanza yeIndia, 7:F3	Rusvingo rweHall, 6:B1	Rwizi rwePlate rweKumaodza- nyemba, 6:C2	Toronto, Canada, 3:E1
Nyanza yePacific, 6:A1, 7:A3	Rusvingo rwe- Laramie, 6:C2	Rwizi rweRio Grande, 6:C4	Tucson, 6:B4
Nyanza yePacific yeKuchamhembe, 7:A2, 7:H2	Rusvingo rwe- Leavenworth, 5:D4, 6:E2	Rwizi rweSnake, 6:B1	Tunbridge, Vermont, 1:C2
Nyanza yePacific yeKumaodzanyem- ba, 7:A4	Ruwa rweJackson, Missouri, 5:D4	Rwizi rweSusquehanna, Pennsylvania, 1:A4, 3:G3	Vermont, 1:C2
Nzira yeCalifornia, 6:B2	Ruwa rweOntario, New York, 2:A3, 2:C3	Sacramento, 6:A2	Washington, D.C., 6:G2
Nzvimbo yeku- bhabhatidzira, Kirtland, 4:B4	Ruwa rweWayne, New York, 2:A3, 2:C2	Salem, Massachusetts, 1:D3	Whitingham, Vermont, 1:C3
Ohio, 3:B4, 6:F2	Rwizi rweArkansas, 6:D3	Salt Lake City, 6:B2	Whitney, Newel K, Chitoro, Kirtland, 4:B2
Orange, Ohio, 3:C4	Rwizi rweCanada, 6:D3	San Bernardino, 6:B3	Whitney, Newel K., Musha, Kirtland, 4:B2
Panogadzirwa Matehwe, Kirtland, 4:B2	Rwizi rweChagrin, Bazi reKumabva- zuva, Kirtland, 4:B1	San Diego, 6:A4	Winter Quarters, Dunhu riripasi pehutongi hwe- maIndia echi- America, 5:B1, 6:E2
Pennsylvania, 1:B3, 3:E3, 6:G2	Rwizi rweChariton, Missouri, 5:E2	San Francisco, 6:A2	
Perrysburg, New York, 3:E2	Rwizi rweConnecti- cut, 1:D1	Santa Fe, 6:C3	
Philadelphia, Pennsylvania, 1:B4, 6:G2		Sharon, Vermont, 1:C2	
Pratt, Parley P., Musha, Kirtland, 4:A3		Smith, Alvin, Nzvimbo ye- Guva, Palmyra, 2:C2	
		Smith, Hyrum, Musha, Kirtland, 4:B4	
		Smith, Joseph, Baba, Musha we-	

Mamepu anotevera anogona kukubatsira kuti unzwisise zvirinani nhorooondo yekutanganga yeChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira uye nemagwaro matsvene akaburitswa nekuburikidza neMu-

porofita Joseph Smith nevamwe vakazomutevera mushure. Nekuziva mamiriro enyika dzakataurwa mumagwaro matsvene, unogona kunzwisisa zvirinani zviitiko zvemumagwaro matsvene.

1. KUCHAMHEMBE
NECHEKUMABVAZUVA
KWENYIKA DZAKABATANA
2. PALMYRA-MANCHESTER,
1820–31
3. MATUNHU ENEW YORK,
PENNSYLVANIA, NEOHIO EUSA

4. KIRTLAND, OHIO, 1830–38
5. MATUNHU EMISSIOURI,
ILLINOIS, NEIOWA EUSA
6. MAFAMBIRO
ECHEKUMADOKERO ECHECHI
7. MEPU YEPASI ROSE

Munongedzo wemazita enzvimbo wakarongwa nemurongerwo wemavara earufabheti unogona kukubatsira kuwana nzvimbo yaurikunyatsodisira pamamepu. Chose chinyorwa chinotsanangisa nhamba yemepu zvichiteverwa nemutsara wekukuratidza wabatandzwa mavara nenhamba pamwechete. Semuenzaniso, pane Rusvingo rweHall pakapikwa se6:B1; zvichereva kuti, mepu 6, sikweya B1. Unokwanisa kuwana masikweya aurikuda pamepu yega-yega nekutarisa zvinobatsira zviripamusoro nezvirimumativi emepu yacho. Mamwewo mazita akasiyana enzvimbo akanyorwa akaiswa mukati memabhuraketsi, zvichireva kuti rimwe zita raishandiswa kare kana ravakushandiswa; semuenzaniso, Council Bluffs (Kanesville).

Zvinotevera izvi ndiyo nzira yekunzwisisa nayo mavara nemanyorerwo akasiyana-siyana akashandiswa pamamepu. Pamusoro pezvo mepu yega-yega inogona kunge iine makiyi anetsananguro yezviratidzo zvakawedzerwa zvinoenderana nemepu yacho iyoyo.

Donhwe dzvuku rinomirira guta guru kana dhorobha. Mutsetse panedzimwe nguva unogona kunongedza kubva padonhwe kusvika kunezita reguta kana nzvimbo.

Nyanza yeAtlantic Manyorerwo aya anoshandiswa kutsanangura mamiriro enzvimbo dzepasi senyanza, magungwa, madziva, nzizi, makomo, marenje, nhika, magwenga nezvitsuwa.

Palmyra


Manyorerwo aya anoshandiswa pamaguta nemadhoroobha ose.

NEW YORK


Manyorerwo aya anoshandiswa kumiganhu yezvematongerwo enyika midiki zvakaite sematunhu, nyenika dze U. S. dzakabatana nemaruwa.

CANADA

Manyorerwo aya anoshandiswa kumiganhu yezvematongerwo enyika mikuru yakaita semarudzi, nyika, nemiganhu yenyika huru.



- 1. Topsfield** Pakazvarirwa Joseph Smith Baba, akazvarwa 12 Chikunguru 1771.
- 2. Gilsum** Lucy Mack akazvarirwa pano, 8 Chikunguru 1775.
- 3. Tunbridge** Joseph Smith Baba naLucy Mack vakarooerana pano, 24 Ndira 1796.
- 4. Whitingham** Nzvimbo yepakazvarirwa Brigham Young, akazvarwa 1 Chikumi 1801.
- 5. Harmony** Emma Hale akazvarirwa muDhorobha Diki reHarmony, 10 Chikunguru 1804.
- 6. Sharon** Joseph Smith Mwana akazvarirwa pano, 23 Zvita 1805 (ona Nh—JS 1:3).
- 7. Lebanon** Mhuri yaSmith yakagara muDhorobha Diki reLebanon kubva muna 1811 kusvikira 1813, munguva idzi dzinove Joseph Smith Mwana akaopareta kakati kuti pagumbo.
- 8. Norwich** Mhuri yaSmith yakagara pano kubva muna 1814 kusvikira muna 1816 vasati vatamira kuPalmyra.
- 9. Palmyra** Mhuri yaSmith yakatamira pano muna 1816 (ona Nh—JS 1:3).




- Musha weMapango waJoseph Smith Baba** Ngirazi Moronai yakashanyira Joseph Smith mumba yepamuro yemusha uyu musi wa21-22 Gunyana 1823 (ona Nh—JS 1:29-47).
- Purazi raJoseph Smith Baba** Purazi iri rinemahekiteya 4.7 rakaparurwa kurima nemhuri yaSmith kubva muna 1820 kusvikira 1829.
- Dondo reMiti Rinoyera** Chiratidzo chekutanga chaJoseph Smith Mwana chakaitikira mudondo rino mukutanga kwempfumvudza kwemuna 1820 (ona Nh—JS 1:11-20).
- Musha weMapuranga waJoseph Smith Baba** Musha uyu wakatanga muna 1822 naAlvin Smith uye ukazogarwa nemhuri yaSmith kubva muna 1825 kusvikira 1829.
- Chikomo cheKumora** Pano ngirazi Moronai yakapa Muporofita Joseph Smith mahwendefa egoridhe musi wa22 Gunyana 1827 (ona Nh—JS 1:50-54, 59).
- Purazi raMartin Harris** Purazi rino rakabatiswa pakukwereta uye chimwe chidimbu charo chikatengeswa kubhadharisa kudhindisa kweBhuku raMormoni.
- Chitoro cheKudhindira chaE. B. Grandin** Mazana mashanu eBhuku raMormoni akadhindirwa pano muna 1829-30.
- Kakova rweHathaway** Mukakova rweHathaway urwu rumwe rubhabhatidzo rwekutanga rwakaitwa.




- Bainbridge yeMaodzanyemba** Joseph Smith Mwana naEmma Hale vakarooranirana pano muna 18 Ndira 1827 (ona NH—JS 1:57).
- Colesville** Bazi rektanga reChechi rakerongwa pamusha wajoseph Knight Baba mudhorobha Diki reColesville, muna 1830.
- Musha wajoseph Smith Mwana muHarmony** Kupindurwa kwakati kuti kweBhuku raMormoni kwakatirwa pano. Nechekumahonbekombe kweRwizi rweSusquehanna hupurisita hwakadzorerwa muna 1829 (ona D&Z 13: 128;20; Nh—JS 1:71–72).
- Fayette** Vapupuri vatatu vakaona mahwendeŋa egordthe uye ngirozi Moronai (D&Z 17). Dudziro yebhuku raMormoni yakapedzwa pano muna Chikumi 1829. Che-

- chi yakarongwa pano musi wa6 Kubvumbi 1830 (ona D&Z 20; 21).
- Mendon** Musha wekutanga waBrigham Young naHeber C. Kimball.
- Kirtland** VaShumiri vakange vatumidzirwa kumaramani vakambomira pano muna 1830 uye vakabhabhazidza Sidney Rigdon nevamwewo vemunharunda yeKirtland. Ndiwo waive muzinda mukuru weChechi kubva muna 1831 kusvikira 1838. Temberi yekutanga mumukuwo uno wevhangeri yakavakirwa muno uye yakakumikidzwa musi wa27 Kurume 1836 (ona D&Z 109).
- Mugero weErie** Mabazi matatu eChechi muNew York akatamira kuKirtland, Ohio, muna Kubvumbi naChi-

- avbu 1831 nokuburikidza nemvura yeMugero weErie nemuDriva reErie.
- Hiram** Joseph naEmma vakagara pano kubva muna Gunyana 1831 kusvikira munaGunyana 1832. Joseph naSydney Rigdon vakashanda paDudziro yaJoseph Smith yeBhaiheri (DJS).Zvakazarurwa zvakaibwirwa pano: D&Z 1, 65, 67, 68, 69, 71, 73, 74, 76, 77, 79, 80, 81, 99, 133.
- Amherst** Joseph Smith akatsigirwa seMutungamiri weHupurisita hwePamusoro musi wa25 Ndira 1832 (ona D&Z 75).
- Toronto** Musha waJohn Taylor, Mutungamiri weChechi wechitatu, naMary Fielding Smith, mukadzi waHyrum Smith.



- Musha waNewel K. Whitney** Joseph naEmma vakagara pano kwemasvondo akati kuti mushure mekunge vatamira kuKirtland muna 1831.
 - Purazi ralsaac Morley** Joseph naEmma Smith vakambogara pano kubva munaKurume kusvikira muna Gunyana 1831. MaPirisita apamusoro vakagadzwa pano. Joseph akashanda paDudziro yaJoseph Smith (DJS).
 - Chitoro chaNewel K. Whitney** VaTungamiri Vekutanga veChechi vakapihwa makiyi ezveumambo hwekudenga pano. Chikoro cheMaporofita chakatanga kusangana pano. DJS yaive iri kapati pekupedziswa pano muna 1833. Joseph naEmma vakagara pano kubva muna 1832 kusvikira 1833. Joseph akatambira zviratidzo zvakawanda zvikuru pano.
 - Imba yeVayeni yaJohn Johnson** Joseph Smith Baba akadeedza semuPatriki wekutanga muChechi pano muna 1833. Imba yeVayeni yakave yekutanga kuve nehofisi yekudhindira muKirtland. *The Evening and the Morning Star* (Nyenyedzi yamaNheru naMangwanani) rakadhindirwa pano mushure mekuperadzwa kwemuchina wekudhinda muRuwa rweJackson, Missouri. Vaapositori vaneGumi neVaviri vakasumuka kubva pano musi wa4 Chivabvu 1835 muhushumiri hwavo hwekutanga.
 - Musha waJoseph Smith Mwana** Joseph naEmma vakagara pano kubva muna 1834 kusvikira 1837. Kududzirwa kweBhuku raAbraham kwakatangiswa.
 - Hofisi yeKudhindira** Zvidzidzo pamusoro perutendo zvakapihwa muchivako chino. Vaapositori vaneGumi neVaviri neChikwata Chekutanga cheMakumi Manomwe vakadeedzwa nekugadzwa pano. Dzidziso neZvibvumirano (Kudhindwa kwekutanga), Bhuku raMormoni (Kudhindwa kwechipiri), *The Evening and Morning Star* (Nyenyedzi yaManheru neMangwanani), *Latter Day Saints Messenger and Advocate* (Mutunwa neMumiriri waVatendi vamaZuva Ekupezisira), nemabuku ekutanga *Elder's Journal* (ezveNhoroono dzemaGosa) zvakadhindwa pano.
 - Temberi yeKirtland** Temberi iyi yakave yekutanga mumukuwo uno. Jesu Kristu akazviratidza uye akagamuchira temberi. Mosesi, Eria, naErija vakazviratidza uye vakadzorerazve mamwe makiyi ehupurisita (ona D&Z 110). Chikoro cheMaporofita chaisanganawo pano. Zvakazarurwa zvakagamuchirwa pano: D&Z 109, 110, 137.
- Kirtland** (nzvimbo isina kudomwa) Nemusi wa17 Nyamavhuvhu 1835, Dzidziso neZvibvumirano zvakatambirwa neChechi semagwaro matsvene. Zvakazarurwa zvakatambirwa muKirtland zvinosanganiswa D&Z 41–50, 52–56, 63–64, 102–104, 106–110, 134, ne137. Zvitsauko 104 zvinomirira nekutsanagura zvinhu zvaifanirwa kupihwa sehatari kunhengo dzeChechi dzaishanda muhurongwa hwemubatanidzwa (ona ndima 19–46).



1. **Independence** Pakadomwa senzvimbo huru yeZioni (ona D&Z 57:3). Nzvimbo yekuvakira temberi yakakumikidzwa musi wa3 Nyanyavuhu 1831. Vatendi vakalandaniswa kubva pano muna 1833.

2. **Ruzizi rweFishing** Joseph Smith neChikwata cheZioni vakatamba kubva kuKirtland, Ohio, kuenda ku-Missouri muna 1834 kunodzozazve Vatendi vemu-Ruwa rweJackson kunzvimbo yavo. D&Z 105 chakazarurwa kumahombekombe kweruzizi urwu.

3. **Far West** Iyi yakave nzvimbo hurutsa yakagarwa nemaMormoni muMissouri. Nzvimbo yetemberi yakakumikidzwa panzvimbo ino (ona D&Z 115). Musi wa8 Chikunguru 1838, Chikwata cheVaopositori vaneGumi neVaviri vakatambira daidzo kubva kunalshu kuti vano-shumira muZvitswira zveChibritishi (ona D&Z 118).

4. **Adama-ondi-Amani** Ishe vakadoma nzvimbo iyi iri kumusoro kweMissouri senzvimbo yekungu kukuru kuchaitika nunguva inoevera apo Jesu Kristi achauya kuzosangana naAdama nezvizarwa zvake zvakarurama (ona D&Z 78:15; 107:53-57; 116).

5. **Jeri reLiberty** Joseph Smith nevamwe vakazarirwa zvepanyepo pano kubva muna Zvita 1838 kusvikira muna Kubvumbi 1839. Pakati penguva dzekushushikana kweChechi uku, Joseph akadezera kunalshu achitsvaka gwara rekufamba nara akagamuchira D&Z 121-123.

6. **Nauvoo** Inowanikwa paRuzizi rweMississippi, dunhu iri raive nzvimbo yekunganirana kweVatendi kubva muna 1839 kusvika 1846. Pano temberi yakavakwa, uye zvisungo zvakaite sekubhabhatidzwa kwevakafa,

7. **Carthage** Pano Muporofita Joseph Smith nemukoma wake Hyrum vakaurirwa chitendero musi wa27 Chikumi 1844 (ona D&Z 135).

8. **Winter Quarters** Muzinda mukuru wakagara Vatendi (1846-48) murwendo rwavo kuNhika yeSalt Lake. Musasa welsraeri wakorongwa pakuenta murwendo rwekumaokero (ona D&Z 136).

9. **Council Bluffs** (Kanesville) Hutungamiri hweKutanga hwakatsigirwa neChechi pano musi wa27 Zvita 1847, naBrigham Young seMutungamiri.

10. **Springfield** (Kanesville) Hutungamiri hweKutanga hwakatsigirwa neChechi pano musi wa27 Zvita 1847, naBrigham Young seMutungamiri.

11. **Springfield** (Kanesville) Hutungamiri hweKutanga hwakatsigirwa neChechi pano musi wa27 Zvita 1847, naBrigham Young seMutungamiri.



1. **Fayette** Muponofita Joseph Smith akabva muFayette achienda kuKirtland, Ohio, muna Ndira 1838. Mapazi matatu eNew York akazoteverawo muna Kubumbi nemunaChivabvu 1831, pasi pechinairo chalshe kati vaungane (ona D&Z 37; 38).
2. **Kirtland** Muzinda mukuru weChechi kubva muna 1 Kukadzi 1831 kusvikira 12 Ndira 1838, apo Muponofita akatamira kufar West, Missouri.
3. **Independence** Ishe vakadoma Independence (Ruwa rwe-Jackson, Missouri) senzvimbo hunu yeZioni muna Chikunguru 1831 (ona D&Z 573). Mhombo yemanyongori yakamakidza Vatendi kubva muRuwa rweJackson muna Mbudzi 1833.
4. **Liberty** Vatendi vakabva kuRuwa rweJackson vakauangana muRuwa rweClay kubva muna1833 kusvikira muna 1836, apo vakasungirwa zvakare kubva. Muponofita Joseph Smith neva-mwevo vakazanzirirwa pano.
5. **Far West** Chibotoho chakamisirwa Vatendi pano muna 1836-38.

6. **Nauvoo** Muzinda mukuru weChechi 1839-46. Mushure vakatamira kumadokero nemukoma wake Hyrum, Vatendi vakatamira kubadokero.
7. **Council Bluffs** Vavaruri munzendo vakasvika pano muna Chi-kumi 1846. Nhego dzeMauto emaMormoni dzakasimuka musu wa21 Chikunguru 1846 pasi pehutungamiri hwaJames Allen.
8. **Winter Quarters** Muzinda mukuru weChechi 1846-48. Chikwata chaitungamira chiri pasi paBrigham Young chakasimuka chaka-nanga Kumadokero muna Kubumbi 1847.
9. **Fort Leavenworth** Chikwata cheMauto chemaMormoni chaka- shongedzwa pano chisati chasimudzira kuenda kumadokero muna Nyamavhuvhu 1846.
10. **Santa Fe** Philip Cooke akatungamirira Chikwata cheMauto ema-Mormoni pavailamba kubva pano 19 Gumiguru 1846.

11. **Pueblo** Varume vatatu vairwara vechikwata chamoto vaka- endeswa kuPueblo kuti vandopora, uko kwakapadzera mwaka wose wechando wemuna 1846-47 neVatendi vabva kuMississippi. Zvikwata zvakapinda muNhika reSalt Lake muna Chikunguru 1847.
12. **San Diego** Chikwata chaMauto emaMormoni chakapadzera maki- romita 3,200 apo ekufamba pano musi wa29 Ndira 1847.
13. **Los Angeles** Chikwata cheMauto emaMormoni chakaburitswa kuiva muhiuto pano 16 Chikunguru 1847.
14. **Sacramento** Dzimwe nhego dzakabva muhiuto dzakashanda pano nemuchigayo chaSuter chiri nehekute kwemabvaziva kweKwizi rweAmerica, uko kwakabatirira kuisvaga goridhe.
15. **Salt Lake City** Brigham Young akasvika muNhika yeSalt Lake musi wa24 Chikunguru 1847.





1. DONDO reMITI RINOYERA Mumiti iyi padyo nemusha wake, Muporofita Joseph Smith akatambira Chiratidzo Chekutanga.



2. CHIKOMO CHEKUMORA neDUNHU reMANCHESTER-PALMYRA Ngirozi Moronai yakaudza Joseph Smith kundotswaga mahwendefa egoridhe ayakanga yaviga pasi muchikomo chino. (Chikomo chiripakati nechekuridyi.)



3. IMBA YE**MAPANGO** YA**JOSEPH SMITH BABA** Uyu mufananidzo wakanyatsoita semusha wakambogarwa nemhuri yaSmith peneimwe nguva.



4. MUSHINA WE**GRANDIN** NE**CHITORO CHEKUDHINDIRA** Kudhindwa kweBhuku raMormoni kwekutanga kwakatora nzvimbo pano.



5. **RWIZI RWE**SUSQUEHANNA Hupurisita hwaAroni nehwaMerkizedeki hwakadzorerwa kumahombekombe kwerwizi rwuno (ona D&Z 13; 128:20).



6. **IMBA YE**MAPANGO YA**PETER WHITMER BABA** Mufananidzo wemusha uyu wakanyatsofanana nezvawaive pakutanga wakavakirwa panzvimbo apo panove pakavambirwa Chechi musi wa6 Kubvumbi 1830.



7. CHITORO CHANEWEL K. WHITNEY NEVAMWE Zvakazarurwa zvakazozivikana kuti Shoko reUngwaru (ona D&Z 89) zvakagamushirirwa pano, pamwechete nezvimwewo zvakazarurwa.



8. MUSA WAJOHN JOHNSON Apo akange ari muimba ino achishanda padudziro yeBhaibheri, Muporofita Joseph Smith naSydney Rigdon vakatambira zvakazarurwa iye zvino zvakanoyorwa muDzidziso neZvibvumirano 76, pamwechete nezvimwe zvakazarurwa.



9. **TEMBERI YE KIRTLAND** Temberi yekutanga kuvakwa mumukuwo uno, 1836. Mutemberi muno, Jesu Kristu, Mosesi, Eria, naErija vakazviratidza uye vakadzorera makiyi ehupurisita (ona D&Z 110).



10. **NHIKA YE ADAMA-ONDI-AMANI** Pano Adama nezvizarwa zvake vakarurama zvakasangana (ona D&Z 107:35–57). Adama, nevamwe maporofita, uye neVatendi vakarurama kubva kunguva dzose, vachasangana neMuponesi pano asati muKuuya Kwakwe Kwepiri.



11. NZVIMBO YE TEMBERI YEKUFAR WEST Muna 1838 Ishe vakaraira Vatendi kuti vavake temberi pano (ona D&Z 115:7–8). Kushungurudzwa nemhomho yemanyongori kwakaita kuti vatadze kuita saizvozvo.



12. JERI RE LIBERTY Apo akange akasungwa zvisina kururama pano (1838–39), Muporofita Joseph Smith akagamushira zvakarurwa iye zvino zvave muDzidzo neZvibvumirano 121–123.



13. **IMBA HURU MU^NNAUVOO** Musha wemhuri yeMuporofita Joseph Smith kubvira muna 1843. Mumazuva ekutanga eChechi, apa ndipo paive nzvimbo yekutandadzana pakati peVatendi.



14. **CHITORO CHEZVIDHINHA ZVITSVUKU CHEMUPOROFITA JOSEPH SMITH** Muchivako ichi, Chikwata Cherubatsiro chakarongwa musu wa17 Kurume 1842.



15. **TEMBERI YE NAUVOO** Mufananidzo uyu unoratidza hunaku hwekutanga hwechimiro chayo isati yapiswa muna 1848.



16. **JERI RECARHAGE** Pano Muporofita Joseph Smith nemukoma wake Hyrum vakaurirwa chitendero musu wa 27 Chikumi 1844 (ona D&Z 135).



17. RWENDO RUKURU RWEKUMADOKERO Nemusi wa4 Kukadzi 1846 ngoro dzekutanga dzakadarika Rwizi rweMississippi mukutanga kwenhoroondo yekufamba kwekumadokero.



18. TEMBERI YE SALT LAKE Chiratidzo chenzvimbo ichi muNhika yeSalt Lake chakatora makore 40 kuvaka.

MAMEPU
EBHAIBHERI
NEMIFANANIDZO



Mifananidzo iyi yenzvimbo dzinokosha inoratidza nzvimbo dzakafambwa naJesu, idzo dzakagarwa nokudzidzisirwa nemaporofita emubhaibheri, uye uko kunove kwakaitikira zviitiko zvakawanda zvemumagwaro matsvene. Kuti zvikubatsire zvirinani kushandisa mifananidzo muchidzidzo chako, tsanangudzwo diki inotera mufananidzo wega wega. Nhamba nemusoro wetsanangudzwo nenhamba nemusoro wemufananidzo zvimwechetezvo. Ndima yokutanga

inotvera musoro wenhaurwa inotsanangura mamiriro emufananidzo, kusanganisira zvinhu zvinokosha zvekutarisa uye kazhinji zvichiratidza mamiriro akange akaita mutori wemifananidzo nekwaakange akatarisa. Zviitiko zvinokosha zvemagwaro matsvene kubva panzvimbo iyoyo ndizvo zvinonyorwa pasi, pamwechete nekwekuzviwana mumagwaro matsvene kuitira kuti uze kwekuverenga zvakawanda maererano nezviitiko izvozvo.

1. Rwizi rweNairi neEgipita

Zvinomera zvinokura mumahombekombe eRwizi rweNairi. Kumberi kwacho inzvimbo yemagwenga angangoda kuzaza Egipita.

Zviitiko Zvinokosha: Nzvimbo iyi yakawanikwa naEgipitasi (Abr. 1:23–25). Abrahama akaenda kuEgipita (Gen. 12:10–20; Abr. 2:21–25). Josefa akatengeswa kuEgipita, akave mutongi, uye akaponesa mhuri yake kubva munzara huru (Gen. 37; 39–46). Zvizvarwa zvajakobo zvakagara muEgipita (Gen. 47; Eks. 1; 12:40). Mwanasikana wamambo Farao akawana Mosesi achiri muचेचे murwizi akamutora nokumuchengega (Eks. 2:1–10). Mosesi anotungamira MaIsraeri kubva muEgipita (Eks. 3–14). Maria, Josefa, naJesu vakaenda kuEgipita kwechinguva vachitiza Herode (Mat. 2:13–15, 19–21). Mumazwa okupedzisira, maEgipita vachaziva Ishe, uye Ishe acharopafadza Egipita (Isa. 19:20–25). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Egipita.”)

2. Gomo reSinai (Horebi) neRenje reSinai

Makomo anonyatsoonekera hurengarenga hweJebhero Musa (Gomo raMosesi). Panogona kunge panezvimbo dzakati wandei dzeGomo reSinai. Imwe yenzvimbo inowananzofarirwa ndeye Jebhero Musa.

Zviitiko Zvinokosha: Mwari vakazviratidza kuna Mosesi vakumupa Mirairo Gumi (Eks. 19–20). Mosesi, Aroni, vanakomana vaviri vaAroni, nemakumi manomwe evakuru vanoona nokutaura naMwari (Eks. 24:9–12). Mwari vakapa Mosesi mirairo yekuvaka tabernakeri (Eks. 25–28; 30–31). Malsraeri vakanamata chimhuru chakaumbwa negoridhe chavakanyengedza Aroni kuti aumbe (Eks. 32:1–8). Erija anotizira kunzvimbo ino kubva muNhika yeJezzeeri, uko kwaigara Mambokadzi Jesaberi (I Madz. 19:1–18). Apa ndipowo zvakare Erija paakataura naMwari (I Madz. 19:8–19).

3. Renje reJuda neDead Sea

Uchitarisa kurenje reJuda kubva pakati peku-maodzanyemba nekumabvazuva. Zvinooneka nechekumashure iDead Sea.

Zviitiko Zvinokosha: Renje reJuda rakanga riri chipotero chakakosha munguva yakawanda yenhoroondo yekutanga. Davidi akahwanda kubva kunaMambo Sauro (I Sam. 26:1–3). Jesu akatsanya kwemazuva makumi mana nehushiku makumi mana (Mat. 4:1–11; Marko 1:12–13). Jesu akashandisa nzira iyi kubva kuJerusarema kuenda kuJeriko achidarika nemurenje reJuda semamiriro erungano rwemuSamaria akanaka nokuti vanhu vaifamba vari voga vaiva nyore kubhinya munzvimbo iyoyo (Ruka 10:25–37). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Dead Sea.”)

4. Kadeshi-barnea

Uku pakati pekuchamhembe nekumabvazuva kwenhika yegwenga guru (kunonziwo wadhji) uko kune nzvimbo yeKadeshi-barnea. Rukova kanoerera pano panguva yezhizha kanoita kuti kanzvimbo aka kave kakanyatsonyorovera nezvibereko murenje reZini.

Zviitiko Zvinokosha: Iyi ndiyo ingangove nzvimbo inove Mosesi akatuma varume 12 kunofeya feya feya nzvimbo yeKanani (Num. 13:17–30). Yaishandiswa semusasa nemalsraeri mumakore makumi matatu nemasere kubva mukakore makumi mana avo ekungotendera murenje (Deut. 2:14). Miriami akafa nekuvigirwa pano (Num. 20:1). Apa ndipo pachiiitikiro chekupanduka kwa Kora, kunyunyuta kwevanhu, uye nekutumbuka kwetsvimbo yaAroni (Num. 16–17). Padyo nepano ndipo pakarova Mosesi dombu mvura ikabuda (Num. 20:7–11).

5. Makuva eMatriaki

Chimwe chezivako zvinozivikanwa zvikuru muNyika Tsvene. Chakavakwa muHebroni naMambo Herode pamusoro penzvimbo yagara ichingozivikanwa kuti bako raMakpera, iro

rakazotengwa naAbrahama senzvimbo yekuvigira mhuri (Gen. 23).

Zviitiko Zvinokosha: Nzvimbo yakavagirwa Sara (Gen. 23) naAbrahama (Gen. 25:9). Isaka, Rebeka, naRea vakavagirwawo pano zvakare (Gen. 49:30-31). Mutumbi waJakobo wakaunzwa kubva kuEgipita kuendeswa kuKanani ukavigwa mubako iri (Gen. 50).

6. Nyika yeChikomo cheJuda

Nyika yechikomo cheJuda ingangova makiromita makumi mashanu nemanhato kureba nema-kiromita makumi maviri nemanomwe muhupamhi. Nzvimbo huru yenyika iyi rukangarabwe uye inonetsa kurima. Zvikomo izvi zvakapatsanurwa nenhika dzinove nzvimbo dzinomaguta. MaIsraeri vekutangwa vaigara muzvikomo izvi, vachizvishandisa kuzvidzivirira kubva kuvapamhi. Jerusarema iri munzvimbo iyi.

Zviitiko Zvinokosha: Ishe vakavimbisa nzvimbo iyi kunaAbrahama nezvizvarwa zvake (Gen. 13:14-18; 17:5). Sara naAbrahama vakavigwa mubako reMakpera, muHebroni (Gen. 23:19; 25:9). Davidi akapamba Jerusarema kubva kumaJebusi (II Sam. 5:4-9). Zviitiko zwakawanda muTestamente yaKare zvakanyorwa zvichinzi zvakaitikira muzvikomo izvi kudarika mamwe matunhu zvawo.

7. Betrehema

Mufananidzo uyu unoratidza zvikomo zvematombo neminda yevafudzi nechekumberi, neguta reBetrehema ramazuva ano nechekushure kwacho.

Zviitiko Zvinokosha: Rakeri akavigwa pedyo nepano (Gen. 35:16-20). Rute naBoazi vakagara pano (Rute 1:19-2:4). Mambo Davidi akaberekerwa nekugadzwa umambo pano (I Sam. 16:1-13). Muponesi akaberekerwa pano, uye vafudzi neVarume Vachenjeri vakamunamata (Mat. 2:1-11; Ruka 2:4-16). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, "Betrehema.")

8. Jerusarema

Wakatarisa nechekuchamhembe. Pakati pemufananidzo uyu pane muzinda nzvimbo ino remekedzwa yechiIziramumu wakafukidzwa nehwidibiro yegoridhe, inonzi Hwidibiro yeBwe. MaJuda ainamatira mumatemberi akange ari pano nechekare. Madziro aripedyo nehwidibiro yeBwe anotenderedza guta rekare reJerusarema. Nechekurudyi kwedziro kune Nhika yeKidroni. Nechekumberi mberi kurudyi kune Gomo reMiorivhi. Nechekuchamhembe, kuseri kweHwidibiro reBwe, ingangova nzvimbo yeGorgo-ta, kana kuti Karuvari.

Zviitiko Zvinokosha: Jerusarema rainzi Saremi kare kare (Mpi. 76:2). Abrahama akabhadara zvegumi kuna Merkizedeki (Gen.14:18-20). Abrahama akauya kuzopira Isaka (Gen. 22:2-14). Mambo Davidi akapamba Jerusarema kubva kumaJebusi (II Sam. 5:4-9). Mambo Soromoni vakavaka temberi (1 Madz. 6-7). Rihai akabva achienda kunyika yechipikirwa (1 Nef. 1:4; 2). Muponesi akashumira, akadzikunura muzvitadzo zvedu, uye akamuka kuvakafa (Mat. 21-28). Sekuporofita kwakaitwa neMuponesi, Jerusarema yakaparadzwa nguva shoma mushure merufu rwake (JS—M 1:3-20). Jerusarema ichapambwa mumazuva ekupedzisira (Ezk. 38-39; Joere 2-3; Zvaka. 11; 16). Muponesi achazviratidza pano chinguvana asati auya Kuuya Kwechipiri (Zek. 12-14; D&Z 45:48-53). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, "Jerusarema," "Saremi.")

9. Temberi yaHerode

Uyu mufananidzo unoratidza chigadzirwa chememberi yaHerode sekufungidzirwa kwaingange yakangayakaita mugore ra67 Kristu azvarwa. Madziro anotenderedza nharaunda yetemberi anovharidzira nzvimbo inokosha muneHutsvene hweHutsvene, nzvimbo yehutsvene, uye matare makuru matatu.

Zviitiko Zvinokosha: Josefa naMaria vakanopira Jesu achiri kacheche patemberi (Ruka 2:22-38). Muponesi akadzidzisa mutemberi aine makore 12 (Ruka 2:41-46). Muponesi akadzinga vatengesisi kubva patemberi (Mat. 21:12-13) uye akaporofita kuparadzwa kwetemberi (Mat. 24:1-2). Imwe temberi yemumazuva achatevera ichazovakwa muJerusarema (Ezk. 40-48; Zek. 8:7-9). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, "Temberi, Imba yalshe.")

10. Manera ekuTemberi

Zvimbo yetemberi yakange yakaganhurwa sematare, uye matare ekunze aive arinechapasi pasi. Vanamati vaipinda nemisuwu yakasiyana siyana, kusanganisira iyo yaienda nechekumusoro kubva pamanera aya kupinda mumatare ekunze uyezve achizopinda mumatare emukati. Zviuru zvevanhu zvakakwira manera aya mukupfuura kwenguva, kusanganisira Mwanakadzema waMwari. Varwi vaTito pavakaparadza temberi muna 70 Kristu azvarwa, manera aya akafukidzwa nezvimezu. Akazofukunurwa munguva yekucherwa kwechidimbu cheguta dzaru reJerusarema.

Chiitiko Chinokosha: Ezekieri akaona muchiratidzo mukuriro nechimiro chetemberi yemazuva achatevera (Ezk. 40). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, "Temberi, Imba yalshe.")

11. Gomo reMiorivhi, Orson Hyde Park

Chiratidzwa ichakatarisane chekumaodzanyemba kwakadziva kumadokero kubva kuOrson Hyde Park iri paGomo reMiorivhi kwananga kuJerusarema. Kumateru ekumadokero kweGomo reMiorivhi kune bindu reGetsemani. Nomusi wa24 Gumiguru 1841, Gosa Orson Hyde akakwirwa Gomo reMiorivhi akapira munama-wa wekuporofita wekumukidza kudzokera zve kwevana vaAbrahama nekuvakwa kwetemberi.

Zviitiko Zvinokosha: Roma yakaparadza Jerusarema muna 70 Kristu azvarwa sekutaurwa kwazvakange zvaitwa neMuponesi (ona JS—M 1:23). Muponesi achamirazve paGomo reMiorivhi asati azviratidza kune pasi rose (Ona Zek. 14:3–5; D&Z 45:48–53; 133:19–20; Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Miorivhi, Gomo re.”)

12. Bindu reGetsemani

Mufananidzo uyu wemuti wachembera wemuorivhi wakatorwa panzvimbo yagara ichizivikanwa yeBindu reGetsemani. Muponesi akana mata pedyo nepano mushure mekubva mumba yepamusoro usiku hwekutengeswa kwake.

Zviitiko Zvinokosha: Pano Jesu Kristu akatanga kutambudza nezvitadzo zvevanhu (Mat. 26:36–44; Marko 14:32–41; D&Z 19:16–19). Mushure memunamato wake akatengeswa naJudasi Iskarioti, uye vadzidzi vake vakambomurasa kwechinguva chishoma mumashure mekusungwa kwake mubindu (Marko 14:50). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Getsemani.”)

13. Gorgota

Dombo iri rakafanana nedeheya remusoro uye riri uchangobuda kunze kweGedhi reDamasi-ko yeJerusarema. Apa pangangove panzvimbo pakarovererwa Jesu Kristu.

Chiitiko Chinokosha: Mushure mekunge Jesu azvamburwa nekunyombwa, akaunzwa “kuzvimbo inonzi Gorgota, . . . nzvimbo yedeheya remusoro,” uko kwaakazovererwa (Mat. 27:26–35; Johane 19:17–18). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Gorgota.”)

14. Bwiro reMubindu

Iyi inzvimbo yagara ichingozivikanwa yakavigirwa Muponesi. Maporofita amazva ano vakati wande vakanzwa kuti mutumbi weMuponesi wakaradzikwa muno mubwiro remubindu.

Zviitiko Zvinokosha: Mushure mekufa kweMuponesi pamuchinjikwa, mutumbi wake wakaiswa muguva idzva rakacherwa kubva mubwe (Mat. 27:57–60). Muzuva rechitatu, vakadzi vakati wande vakenda kuguva vakaona kuti

mutumbi weMuponesi wakange usisimo (Mat. 28:1–2). Vaapositori vanoti Petro naJohane vakaendawo kuguva vakaona kuti mutumbi weMuponesi wakange usisimo (Joh. 20:2–9). Muponesi akamuka kuvakafa akazviratidza kuna Maria Magdarene (Joh. 20:11–18).

15. Jeriko

Mufananidzo uyu unoratidza zvimerwa zviri muJeriko mazva ano. Kareko rakange riri guta rakatenderedzwa nemadziro munhika yerwizi rweJordan, mamita mazana maviri ane makumi mashanu nemaviri anodzika zvichierwa kubva panotangira gungwa. Inzvimbo yakapfuma munezvekurima kunokura zvakanaka madheti mapamu neminda yamaranjisi. Nehekumashure inzvimbo yagara ichizivikanwa kuti iGomo reMuedzo (Mat. 4:1–11).

Zviitiko Zvinokosha: Pedyo nenzvimbo ino, Joshua nevana vemaIsraeri vakayambuka keketanga Rwizi rweJordan vachipinda munyika yechipikirwa (Josh. 2:1–3; 3:14–16). Ishe muchishamiso akakonzero kuti madziro adonhe pamberi pevarwi vemaIsraeri (Josh. 6; onawo zvakare VaH. 11:30). Joshua akaisa chituko paguta (Josh. 6:26), zvikaazakiswa (I Madz. 16:34). Erisha akarapa mvura dzeJeriko (II Madz. 2:18–22). Muponesi akapfuura nepano murwendo rwake rwekupedzisira kuJerusarema, achirapa Bartimeo bofu uye nekugara naZakeo, muteresi (Marko 10:46–52; Ruka 18:35–43; 19:1–10). Nzira yekuJeriko inobva kuJerusarema yakatorwa nezvayo murungano rwemuSamaria akanaka (Ruka 10:30–37).

16. Shiro

Muchiratidzwa ichi chekumadokero, masvingo eguta rakare ari nehekuruboshwe zvisomanana kubva pakati pemufananidzo. Ari pachikomo chiduku chakatenderedzwa nezvikomo zvirefu.

Zviitiko Zvinokosha: Madzinza emaisraeri vakaungana vakagashira mugove wavo wenzvimbo (Josh. 18–22). Tabernakeri neareka yechibvumirano yakagadzwa pano ikagara pano kwemazana emakore (Josh. 18:1). Pano Hana akanamata uye akakumikidza mwanakomana wake Samueri kubasa ralshe (I Sam. 1). MaIsraeri vakatora areka kubva kuShiro ndobva vakundwa nemaFiristia, avo vakabva vazotora areka (I Sam. 4:1–11).

17. Gomo reGerizimi neGomo reEbari

Wakatarisa nehekumadokero. Nehekuruboshwe kune Gomo reGerizimi, nehekurudyi, kune Gomo reEbari. Mufananidzo uno ndeweNablus yazvino. Guta rakareko reShekemi rakange riri

pakati pamakomo ayamuzasi munhika (nechekurudyi kwemufananidzo zvishomanana).

Zviitiko Zvinokosha: Abrahama akavaka musasa paShekemi (Gen.12:6-7). Jakobo akavaka musasa pano akatenga chirutivi chenyika (Gen. 33:18-20). Gomo reGerizimi raive gomo remakomborero, asi Gomo reEbari raive gomo rekutukwa (Deut. 27-28). PaGomo reEbari, Joshua akamisa chiumbwa chaive nemitemo yaMosesi akabva averenga mitemo yacho kumaIsraeri (Josh. 8:30-35). Mapfupa aJosefa akavigwa muShekemi (Josh. 24:32).

18. Dotani muSamaria

Dunhu iri reNzvimbo Tsvene rinechimiro chemakoronga nenhika. Inzvimbo yemafuro akana. MaIsraeri pavakagara munzvimbo, dunhu rino rakapihwa kunaManase.

Zviitiko Zvinokosha: MuNhika yeDotani, Josefa akatengeserwa kuEgipita (Gen. 37:12-28). Obadia akararamisa maporofita zana nekuvawhandisa mubako apo Jesaberi akaedza kuuraya maporofita velsraeri (I Madz. 18:13). Varwi vechiSiria vakakomberedza Erisha nemuranda wake, avo vakazoponeswa nalshe nezvishamiso (II Madz. 6:13-26).

19. Kesaria neBani reSharon kusvika kuKarmeri

Wakatarisa nechekuchanhembe kumhiri chiteshe chengarava chakare cheKesaria. Uyezve zvinooneka nechepamusoro pemufananidzo mutsetse wemakomo eKarmeri.

Zviitiko Zvinokosha: Erija akasora maporofita enhema aBari paGomo reKarmeri (I Madz. 18). Via Maris (Nzira yeGungwa), mugwagwa waikosha munguva yakare, uri nechekumabvazuva kweKesaria. Mushure mechiratidzo chinokatyamadza achiri muJopa, Petro akatanga kuparidza pakati pemajentairi nekudzidzisa mukuru wamauto wechiRoma ainzi Kornerio muKesaria (Mabasa 10). Firipo akaparidza uye akagara pano akave nevanasikana vana vaiporofita (Mabasa 8:40; 21:8-9). Pauro akave musungwa muguta kwemakore maviri (Mabasa 23-26). Akaparidzira kuna Feriksi, Festo, naHerode Agripa wepiri, uyo akati, “Wanga waedza kundinyengerera kuti ndiite muKristu” (Mabasa 26:28).

20. Jopa

Wakatarisa nechekuchanhembe pamusoro pechiteshi chengarava cheguta reJopa.

Zviitiko Zvinokosha: Jona akaenda kuJopa kuno tora ngarava kuenda kuTarshisi (Jona 1:1-3). Jopa ndicho chaive chiteshi chengarava Soromoni uye

mumashure Zerubaberi chavaishandisa pavaiunza mapango kubva mumasango esidha eRebanoni kuti vavakise temberi dzavo (II VaKori 2:16; Ezra 3:7). Pano Petro akamutsa Tabita, anozivikanwa zvakare kunzi Dorkasi, kudzokera muupenyu (Mabasa 9:36-43). Petro akaonawo chiratidzo chemhuka dzakachena nedzakasviba, zvichiratidza kwaari kudikanwa kwekutanga kushumira shoko pakati pemajentairi (Mabasa 10). Orson Hyde akasvika pano kuzokumikidza Nyika Tsvene mugore ra1841.

21. Nhika yeJezeze

Wakatarisa nechekumadokero kubva pamusoro peGomo reTabori nekwechidimbu cheNhika yeJezeze. Kunyangwe zvazvo Nhika yeJezeze iri ichiwanzongidzirwa kuti inhika huru imwechete, asi zviripo ndezvekuti inhika dzakati wandei dzinobatanidza Bani reAko neNhika yeJordan nenzvimbo yedunhu reGungwa reGarirea. Nhika yeMegido, semuenzaniso, iri kuchidimbu chekumadokero kweNhika iyi. Nhika yeJezeze ndiyo yaive nzira huru yeku dimburira nayo muNyika Tsvene pakati peGungwa reMediterenieni nechekumadokero uye neNhika yeJordan nechekumabvazuva.

Zviitiko Zvinokosha: Mugwagwa mukuru unobatanidza Egipita neMesopotamia waidarika nemunhika ino, uye hondo huru dzakarwiwa muno (Vat. 1:22-27; 5:19; II Madz. 23:29-30). Kupikisana kukuru kwekupedzisira munyika ino kunotanga nehondo huru yeHarmagedoni, iyo inovelicharwiwa chinguva chipfupi Kuuya Kwechipiri kweMuponesi kusati kwaitika, zita iri rinobva Har Magedoni kana kuti Gomo reMegido (Ezk. 38; Joere 3:9-14; Zek. 14:2-5; Zvaka. 16:14-16).

22. Gomo reTabori

Wakatarisa kuchanhembe kwakadziva kumadokero. Nzvimbo iri muzasi inotenderedza Gomo reTabori iNhika yeJezeze, inozivikanwawo seBani guru reEsidraroni. Nazareta iri muzvikomo kumberi kweGomo reTabori.

Zviitiko Zvinokosha: Debora naBaraki vakaunganidza mauto alshe murukwisa Jabini, mambo weHazoni (Vat. 4:4-14). Gomo reTabori nderimwe renzvimbo dzaigara dzichizikanwa yeKushanduka kwechimiro cheMuponesi (Mat. 17:1-9); rimwe iGomo reHermoni. (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Kushanduka.”)

23. Gungwa reGarirea neGomo reMharidzo yaPagomo

Wakatarisa kumaodzanyemba kwadziva kumadokero nechepamusoro pekuchanhembe kwa-

kadziva kumadokero epanosangana pagonyorwa reGungwa reGarirea, dziva remvura yakachena. Tiberiasi inowanika nechemberi kwevidi remahombekombe uye mberi kuruboshwe kwemufananidzo. Chikomo chiripakati penzvimbo iyi ndiyo nzvimbo yagara ichingozivikanwa kuti iGomo reMharidzo yaPagomo. Kapernaume iri kuruboshwe kunze kwemufananidzo.

Zviitiko Zvinokosha: Muponesi akapedza nguva yake zhinji yehushumiri hwake pasi pano mudunhu rino. Pano akadeedza neku-gadza Vaapositori vaneGumi neVaviri (Mat. 4:18–22; 10:1–4; Marko 1:16–20; 2:13–14; 3:7; 13–19; Ruka 5:1–11), akadzidzisa Mharidzo yepa-Gomo (Mat. 5–7), akadzidzisa nemungano (Mat. 13:1–52; Marko 4:1–34). Zvishamiso zvaakaita zvinosanganisira: akarapa aive nemaperembudzi (Mat. 8:1–4); akanyaradza dutu remvura (Mat. 8:23–27); akaburitsa kubva mumurume wechidiki mweya yakaiapa yakawanda, iyo yakazopinda munguruve dzikamhanyira mugungwa (Marko 5:1–15); akamutsa mwanasikana waJairoso kubva kuvakafa (Mat. 9:18–19, 23–26; Marko 5:22–24, 35–43); akapa chokudya kuvanhu vanokwana 5,000 ne4,000 (Mat. 14:14–21; 15:32–38); akairira vadzidzi vake kuti vakande mambure, zvaka-zoita kuti vabate hove zhinji (Ruka 5:1–6); akarapa vanhu vakawanda (Mat. 15:29–31; Marko 3:7–12); uye akazozviratidza mushure meKumu-ka kwake kuti adzidzise vadzidzi vake (Marko 14:27–28; 16:7; Joh. 21:1–23).

24. Kapernaume

Kapernaume, inowanikwa kuchamhembe kwemahombekombe eGungwa reGarirea, yakange iri nzvimbo huru muhushumiri hwaJesu hwe-muGarirea (Mat. 9:1–2; Marko 2:1–5). Nzvimbo inokosha uye yakabudirira yekurara hove nekutengeserwa, yaive musha kunenjantairi neJuda zvakare. Makore zana okutanga huwandu hwevanhu hungange hwaisadarika vanhu vanokwana 1,000. Kapernaume yakange iri panosangana nzira dzekufambidzana kweupfumi dzinokosha, yakatenderedzwa nenzvimbo dzinemaguta. Mauto emaRoma akavaka dzimba dzekugezera nedzekuchengetera zvinhu pano, zvikawedzera kukurongeka kwezvemagari-ro evanhu nezvivako zveruzhinji zvakavakwa zvakanaka. Kunyangwe zvazvo zvishamiso zvakawanda zvakaitirwa pano, vanhu vaiwanzoramba Hushumiri hweMuponesi. Naizvozvo Jesu akatuka guta (Mat. 11:20, 23–24). Nenguva, Kapernaume yakave dongo uye haisi kugarwa.

Zviitiko Zvinokosha: Kapernaume raizivikanwa se “guta rake” Muponesi (Mat. 9:1–2; Marko 2:1–5). Akaita zvishamiso zvakawanda panzvi-

mbo iyi. Semuenganiso, akarapa vanhu vakawanda (Marko 1:32–34), kusanganisira muranda wemukuru wamaoto (Ruka 7:1–10), Ambuya vaPetro (Marko 1:21, 29–31), uyo airwara nechirwera chinopedza simba nhengo dzemuviri dzose akadzikiswa nepamusoro pemba (Marko 2:1–12), nemurume aive neruoko rwakarema-ra (Mat. 12:9–13). Pano zvakare Jesu akadzinga mweya yakaiapa (Marko 1:21–28, 32–34), Akamutsa mwanasikana waJairoso kubva kuvakafa (Marko 5:22–24, 35–43), akaparidza nezvemharidzo yezvechingwa cheupenyu muimba yekunamatira paKapernaume (Joh. 6:24–59). Muponesi akaudza Petro kuti abate hove muGungwa reGarirea, ogoivhura muromo, uye agowan ndarama yekuzonobhadharisa nayo mutero (Mat. 17:24–27).

25. Rwizi rweJordan

Rwizi rweJordan runotangira kuchamhembe kweGungwa reGarirea, ruchierera nemariri, uye ruchiederera mberi kumaodzanyemba kusvikira kuDead Sea.

Zviitiko Zvinokosha: Roti akazvisarudzira mapani makuru eJordan (Gen. 13:10–11). Joshua akapatsanura mvura, zvikabvumira maIsraeri kuti vadarike kupinda munyika yechipikirwa (Josh. 3:13–17; 4:1–9, 20–24). Erija naErisha vakapatsanura mvura (II Madz. 2:5–8, 12–14). Naamani akarapwa maperembudzi (II Madz. 5:1–15). Johane muBapatidzi akabhabhatidza vanhu vakawanda, kusanganisira Muponesi (Mat. 3:1–6, 13–16). (Ona Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Rwizi rweJordan.”)

26. Kesaria Firipo

Chitubu ichi chiri muzasi meGomo reHermoni. Ndekamwe keturwizi twunodira muRwizi rweJordan. Herode Firipo, aitonga nzvimbo iyi, akavaka guta pano achikudza Kesari (mambo wake) naiye pachezvake; guta iri raimbonzi Paniasi iye nhasi riri kunzi Baniyasi kana kuti Kesaria Firipo.

Chiiitiko Chinokosha: Muponesi akasangana nevadzidzi vake paKesaria Firipo. Pano Petro akazivisa kuti Muponesi ndiye “Kristu, Mwanakomana waMwari anorarama.” Muponesi akabva avimbisa Petro “makiyi eumambo hwekudenga” (Mat. 16:13–20).

27. Nazareta

Chiratidzo ichi cheguta ramazuva ano reNazareta chakatarisa kumaodzanyemba. Nazareta kaive kamusha kaduku munguva dzebhaibheri.

Zviitiko Zvinokosha: Nifai akaona muchiratidzo amai veMuponesi muNazareta (1 Ni. 11:13–22).

Ngirozi Gabrieri yakaudza Maria kuti achazozvara Muponesi (Ruka 1:26–35). Gabrieri akaudza Josefa kuti atore Maria semukadzi wake uye kuti agotumidza zita remwanakomana wake kuti Jesu (Mat. 1:18–25). Jesu akakurira muNazareta (Mat. 2:19–23; Ruka 2:4–40; 4:16). Akaparidza akazivisa muimba yekunamatira kuti aive Mesia (Ruka 4:16–21), asi vanhu vemuNazareta vakamuramba (Mat. 13:54–58; Ruka 4:22–30).

28. Dani

Guta rekare iri rainzi Reshemi (Josh. 19:47) kana Raisha (Vat. 18:14) maIsraeri vasati vapamba nyika iyi. Zvitubu zviri panzvimbo iyi pamwechete nezvitubu zviripaKesaria Firipo, ndizvo mavambo makuru eRwizi rweJordan.

Zviitiko Zvinokosha: Abrahamu akanunura Roti (Gen. 14:13–16). Dzinza raDani rakapamba nzvimbo iyi vakaitumidza kuti Dani (Josh. 19:47–48). Jeroboami akamisa chimhuru chegoridhe chakakonzera kuparadzwa kwemadzinza 10 ekuchamhembe (I Madz. 12:26–33). Dani raive guta ramalaIsraeri rekuchamhembe kwekupedzisira ndosaka magwaro matsvene achitaura nezvenyika yeIsraeri “kubva kuBeeri-sheba kusvikira kuDani” (II VaKori. 30:5; Beeri-sheba raive guta rechemuadzaneyemba kwekupedzesera). (Ona Nhangamiri kuMagwaro Matsvene, “Dani.”)

29. Atene

Mufananidzo uyu unoratidza matongo ePatenoni muAtene. Atene raive guta guru repasichigare rechiGiriki reAtika uye munguva dze muTestamente Itsva raive mudunhu ramaRoma reAkaya. Rakatumidzwa zita iri mukukudza chimwarikadzi chemaGiriki Atena. Kuzoti munguva dzeTestamente Itsva, Atene rakange ratorasikirwa nemukurumbira nekubwinya kwaro kwakare, asi rakaramba riine zrivezwa nezvimiswa zvezvimwari nezvimwarikadzi zvakanwanda, kusanganisira “mwari asingazivikanwe” (Mabasa 17:23).

Zviitiko Zvinokosha: Muapostori Pauro akashanyira guta iri akaparidza ari paChikomo cheMasi, pedyo nePatenoni (Mabasa 17:15–34). Vashumiri vaitumirwa kubva kuAtene vachienda kune dzimwe nzvimbo dzeGiriki (I VaT. 3:1–2).

30. Korinte

Guta guru redunhu rechiRoma reAkaya. Raive riri pachiganhurwa cheniyika chinobatanidza Peroponisasi nenzvimbo huru yeGiriki, riine

chiteshi chengarava kumativi ose ekumabvazuvane neekumadokero. Raive guta rechiteshi chengarava raive neupfumi nehurudziro.

Zviitiko Zvinokosha: Pauro akagara muKorinte kwegore nemwedzi mitanhatu akamisa Chechi imomo (Mabasa 18:1–18). Pauro akanyora matsamba akawanda kunhengo dzeChechi munharaunda yeKorinte, maviri acho anove zvino muTestamente Itsva (I ne II Korinte).

31. Efeso

Matongo emba yemitambo yechiGiriki ari paEfeso, apo Muapostori Pauro akaparidza. Munguva dze Testamente Itsva, Efeso yaiva nemukurumbira zvikuru munyika dzose dzaizivikanwa nekuda kwetemberi yayo yakanakisisa yakavakirwa nekukudza chimwarikadzi chechiRoma Diana. Iyevino ave matongo, Efeso rakambenge riri guta guru redunhu rechiRoma riri muAsia uye riri nzvimbo huru yekutengeserana. Mhizha dzemuguta iri dzakagadzira nekubudirira mukutengesera zvimifananidzo zvaDiana.

Zviitiko Zvinokosha: Muapostori Pauro akashanyira Efeso ave kudaku pedzisa rwendo rwake rwepiri rwehushumiri (Mabasa 18:18–19). Murwendo rwake rwechitatu akagara muguta kwemakore maviri. Akamanikidzwa kubuda nokuda kwemhirizhonga yakakonzerwa nanamhizha ave vakange voshaya kwekutengesera basa ravo apo Pauro aiparidza kuipa kwekunamata chimwarikadzi chenhema Diana (Mabasa 19:1, 10, 23–41; 20:1). Imba yemitambo yeEfeso yakange iri imba huru padzimba dzose dzakavakwa nemaGiriki uye iri nzvimbo yakatarisana vafambidzani vaPauro nemhomho yevanhu (Mabasa 19:29–31). Pauro akanyora tsamba kunhengo dzeChechi dzekuEfeso munguva yuhusungwa hwake muRoma. Rimwe remapazi manonwe eChechi muAsia kunove kwakanyorerwa bhuku reZvakazarurwa raive muEfeso (Zvaka. 1:10–11; 2:1).

32. Chitsuwa chePatmosi

Kachitsuwa kari muGungwa reAjieni uko Johane akange asingatenderwi kusvika (Zvaka. 1:9). Maererano netsika, akashandapo mumugodhi wematombo emabho.

Chiitiko Chinokosha: Johane akaona chiratidzo chikuru chinozivikanwa seZvakaiswa pache-na (bhuku reZvakazarurwa). Ishe akamuudza kuti aritumire kucheche nomwe kuAsia (Zvaka. 1:11).

Mamepu anotevera anogona kukubatsira kuti unzwisise zvirinani magwaro matsvene. Nekuziva mamiriro enyika dzakataurwa mumagwaro matsvene,

unogona kunzwisisa zvirinani zvitiiko zvemumagwaro matsvene.

1. MEPU YECHIMIRO CHENZVIMBO TSVENE
2. RWENDO RWEMAISRAERI KUBVA MUEGIPITA NEKUPINDA MUKANANI
3. KUPATSANURWA KWEMADZINZA 12
4. HUTONGI HWADAVIDI NASOROMONI
5. HUTONGI HWEASIRIA
6. HUTONGI HWEBABIRONI ITSWA (Nebukadnezari) NEUMAMBO HWEEGIPITA
7. HUTONGI HWEPEERSIA
8. HUTONGI HWEROMA

9. NYIKA YETESTAMENTE YAKARE
10. KANANI MUNGUVA YETESTAMENTE YAKARE
11. NZVIMBO TSVENE MUNGUVA YETESTAMENTE ITSWA
12. JERUSAREMA PANGUVA YAJESU
13. NZENDO DZEHUSHUMIRI DZEMUAPOSITORI PAURO
14. KUKWIRIRA KWENZVIMBO TSVENE MUNGUVA DZEBHAIBHERI

Munongedzo wemazita enzvimbo wakarongwa nemurongerwo wemavara earufabheti unogona kukubatsira kuwana nzvimbo yaurikunyatsodisisa pamamepu. Chose chinyorwa chinanganisira nhamba yemepu zvichitevera nemutsara wekukuratidza wakabatanidzwa mavara nenhamba pamwechete. Semuenzaniso, chinyorwa cheRaba (Amman) pamepu yekutanga chinoratidzwa se1:D5; zvichireva kuti, mepu 1 sikweya D5. Unokwanisa kuwana masikweya aurikuda pamepu yega-yega nekutarisa zvinobatsira zviripamusoro nezvirimumativi emepu yacho. Mamwewo mazita akasiyana enzvimbo akanyorwa akaiswa mukati memabhuraketsi, zvichireva kuti rimwe zita raishandiswa kare kana ravakushandiswa; semuenzaniso, Raba (Amman). Chiratidzo chemubvunzo kana chiripo chichitevera zita chinoreva kuti zvimbo iripamepu ingangove kana kugona kuvepo asi hazvisati zvave nechokwadi.

Zvinotevera izvi ndiyo nzira yekunzwisisa nayo mavara nemanyorerwo akasiyana-siyana akashandiswa pamamepu. Pamusoro pezvo mepu yega-yega inogona kunge iine makiyi anetsananguro yezviratidzo zvakawedzerwa zvinoenderana nemepu yacho iyoyo.

Donhwe dzvuku rinomirira guta guru kana dhorobha. Mutsetse panedzimwe nguva unogona kunongedza kubva padonhwe kusvika kunezita reguta kana nzvimbo.

▲
Dead Sea
Chipaikiro chinomirira gomo. Manyorerwo aya anoshandiswa kutsanangura mamiriro enzvimbo dzepasi senyanza, magungwa, madziva, nzizi, makomo, marenje, nhika, magwenga nezvitsuwa.


Jerusarema
Manyorerwo aya anoshandiswa pamaguta nemadhorobha ose (uye nekunyatsotsanangura mamiriro enzvimbo pamepu yeguta reJerusarema).

MOABI
Manyorerwo aya anoshandiswa kumiganhu yezvematorongerwo enyika midiki zvakaita sematunhu, vanhu, nedzinza.

JUDA
Manyorerwo aya anoshandiswa kumiganhu yezvematorongerwo enyika mikuru yakaita semarudzi, nyika, nemiganhu yenyika huru.

FANANIDZO YEMEPU

MEPU YENHUNGAMIRI




MUNONGEDZO WEMAZITA ENZVIMBO

<p>Abhana, rwizi, 1:D1 Abirene, dunhu, 11:D1 Adria, Gungwa re (Adriatiki), 8:B2 Ai, 2:D1, 10:B5 Aijaloni, 1:B5, 10:B5, 11:B5 Ainoni, 11:C4 Akadi, dunhu, 9:G2 Akaya, dunhu reRoma, 8:C2, 13:D2 Akocho (Ako, Toremai), 1:B3, 3:A3, 4:C3, 10:B2, 11:B3 Akwaba, Gungwa rakadzama re, 2:D4 Amareki, dunhu, 4:C6 Amman (Raba), 1:D5, 10:D5, 14:D2 Amoni, dunhu, 1:D5, 3:B5, 4:D4, 10:D6 Antiokia, muPisidia, 13:F2 Antiokia, muSiria, 8:C3, 13:H2 Apio, Nzvimbo ye, 13:B1 Araba (Nhika yeRift), 1:B8, 2:D2, 4:C7, 10:C8 Arabia, 5:C3, 8:D4 Aradi, 2:D1, 3:A5, 4:C5 Aramu-Damasiko, dunhu, 4:D2 Ararati, Gomo, 9:F1 Areksandiria, 8:C3, 13:F4 Argobi, dunhu, 4:D3 Arimatea, 11:B5 Arnoni, rwizi, 1:C1, 2:D1, 3:B5, 4:D5, 10:C7, 11:C7 Asharia, 5:C3, 9:F2 Ashdodi, (Azoto), 1:A6, 3:A5, 4:C5, 10:A6 Asheri, dzinza, 3:A3 Ashkeroni (Asikaroni), 1:A6, 3:A5, 4:C5, 10:A6, 11:A6 Asia, dunhu reRoma, 8:C2, 13:F2 Asikaroni (Ashkeroni), 11:A6 Asiria, 9:F2 Asiria, Hutongi hwe 5:C3</p>	<p>Atene, 6:A2, 7:A2, 8:C2, 13:D2 Azoto, 11:A6 Baberi (Shinari), 9:G3 Babironi, 5:C3, 6:C3, 7:B3, 9:F3 Babironi, Hutongi hwe, Itsva, 6:C3 Babironia, dunhu, 9:F3 Bako raHezekia, mu-Jerusarema, 12:C6 Bashani, dunhu, 1:C3, 10:C2 Beeri-sheba, 1:B7, 2:C1, 3:A5, 4:C6, 9:D4, 10:B7, 11:B8 Benjamini, dzinza, 3:A5 Berea, 13:D1 Besori, rwizi, 1:A7, 10:A7, 11:A8 Betafage, 11:B6 Betania, 11:B6 Betania, Mugwagwa weku, 12:D5 Betebara, 11:C6 Beteri (Ruzi), 3:A5, 4:C5, 10:B5, 11:B6 Betesda, Dziva re, mu-Jerusarema, 12:C3 Betrehema, 1:B6, 3:A5, 4:C5, 10:B6, 11:B6 Betrehema, Mugwagwa weku, 12:A7 Betsaida, 11:C3 Beti-shani, 3:B4, 4:D4 10:C4 Bezeta, 12:B2 Biravira raSoromoni, mu-Jerusarema, 12:D4 Biravira remba yeUmambo, muJerusarema, 12:C5 Bitinia, dunhu, 13:F1 Black Sea, 5:B1, 6:B1, 7:A2, 8:C2, 9:B1, 13:F1 Bozra, 3:B6, 4:D6 Britania, dunhu, 8:A1 Bwiro reMubindu, mu-Jerusarema, 12:B3 Carthage, 8:B3</p>	<p>Caspian Sea, 5:C1, 6:C1, 7:B2, 8:D2, 9:G1 Caucasus, makomo, 5:C1, 8:D2, 9:F1 Chitubu cheEni-rogeri, 12:C7 Chitubu cheGihoni, mu-Jerusarema, 12:D6 Chorazini, 11:C3 Damasiko, 1:D1, 3:B2, 4:D2, 9:D3, 10:D1, 11:D1, 13:H3 Dani (Raisha) 1:C2, 3:B3, 4:D3, 10:C2 Dani, dzinza, 3:B3, 3:A5 Dasia, dunhu, 8:C2 Dead Sea, (Gungwa ro-Munyu), 1:C6, 2:D1, 3:B5, 4:D5, 9:D4, 10:C6, 11:C7, 14:A7, 14:C3 Dead Sea, Mugwagwa weku, 12:C8 Dead Sea, pamusoro pe, 14:A7, 14:C3 Dead Sea, pasi pe, 14:C3 Dekapori, dunhu, 11:C4 Derbe, 13:G2 Diboni, 2:D1 Dofka, 2:C4 Dori, 3:A4, 4:C4 Dotani, 10:B4 Dura, Bani re, 9:F2 Dziva (Mvura dzeMeromi) reHuri, 10:C2, 14:C6 Dziva reTower, mu-Jerusarema, 12:B5 Ebari, Gomo, 1:B4, 3:A4, 4:C4, 10:B4, 11:B5, 14:B6 Edomi, dunhu, 1:C8, 2:D2, 3:B6, 4:D7, 10:C8 Edomi, dunhu, 1B7, 10:B7, 11:B7 Efeso, 8:C2, 13:E2 Efraimi, dzinza, 3:A4 Egipita, dunhu, 2:A3, 5:B4, 7:A4, 8:C4, 9:C4, 13:F4 Egipita, Rwizi rwe, 2:C2 Egipita, Umambo hwe, 6:A3</p>
---	---	--

Ekroni, 1:B6, 10:A6 Emausi, 11:B6 Emausi, Mugwagwa weku, 12:A4 Endori, 10:C3 Eni-gedi, 4:D5, 10:C7 Era, 1:A6, 10:B6, 11:B6 Erami, dunhu, 5:C3, 6:C3, 7:C3, 9:H3 Erimi, 2:C3 Esidraroni, Nhika ye, 1:B3, 10:B3 Etami, Renje re, 2:B3 Ezioni-geberi, 2:D3, 3:A8, 4:C8, 9:D4 Farpari, rwizi, 1:D1, 10:D1, 11:D2 Finisia, dunhu, 1:C1, 4:D2, 9:D3, 10:B1, 11:B2, 13:H3 Firaderfia, 11:D6 Firipo, 13:D1 Firistia, Bani re, 1:A6, 10:A6 Firistia, dunhu, 4:C5 Fish Gate, muJerusarema, 12:B3 Frigia, dunhu, 13:F2 Gadara, 11:C4 Gadi, 3:A5, 4:C5, 10:A6 Gadi, dzinza, 3:B4 Gadi-heferi, 10:B3 Garatia, dunhu, 13:G1 Garirea, dunhu, 11:C2 Garirea, dunhu, re-Kumusoro, 1:C2 Garirea, dunhu, reZasi, 1:C3 Garirea, Gungwa re (Kinereti), 1:C3, 3:B3, 4:D3, 9:D3, 10:C3, 11:C3, 14:B7 Gate Beautiful, 12:C4 Gaza, 1:A6, 2:C1, 3:A5, 4:C5, 10:A7, 11:A7, 13:H4 Gerari, 10:A7 Gerari, rwizi, 1:A7, 10:A7, 11:A7 Gerizimi, Gomo, 1:B5, 3:A4, 4:C4, 10:B5, 11:B5, 14:B6 Geshuri, dunhu, 4:D3	Getsemani, Bindu re, mu Jerusarema, 12:D4 Gezeri, 4:C5 Gibea, 4:C5 Gibeoni, 10:B5 Girboa, Gomo, 1:C4, 3:B4, 10:C4, 11:C4, 14:C6 Gireadi, dunhu, 1:C4, 10:C4 Girgari, 1:C5, 2:D1, 4:D5 Giriki, 7:A2 Gomora, nzvimbo ye-Sodoma ne, 10:C8 Gorgota, muJerusarema, 12:B3 Gosheni, dunhu, 2:A2, 9:C4 Gouro, dunhu, 8:A1 Gungwa Dzvuku, 2:D4, 5:B4, 6:B4, 7:B4, 8:C4, 9:D4 Gungwa Guru (Mediterenieni, reKumusoro), 1:A4, 2:B1, 3:A4, 4:C4, 5:A3, 6:A3, 7:A3, 9:B3, 10:A5, 11:A6, 13:D3, 14:A2, 14:A6 Gungwa rakadzama re-Persia, (Gungwa reZasi) 9:H3 Gungwa reArabia, 6:D4 Gungwa reAraro, 5:D1, 6:D1, 7:C2 Gungwa reInitanamu (Gungwa Guru, reMediterenieni, reKumusoro), 8:B3 Gungwa reKumusoro (Guru, Mediterenieni), 7:A3, 9:B3 Gungwa reMediterenieni (Guru, reKumusoro), 1:A4, 2:B1, 3:A4, 4:C4, 5:A3, 6:A3, 7:A3, 8:B3, 9:B3, 10:A5, 11:A6, 13:D3, 14:A2, 14:A6 Gungwa reMediterenieni, pamusoro pe, 14:A2, 14:A6 Gungwa reMunyu (Dead Sea), 1:C6, 2:D1, 3:B5, 4:D5, 9:D4	Gungwa reZasi (Gungwa reKumabvazuva, Gungwa rakadzama rePersia), 5:C4, 6:C4, 7:B4, 8:D3, 9:H3 Gungwa (reZasi) reKumabvazuva, 5:C4, 6:C4 Gwenga reArabia, 9:F3 Gwenga reRibia, 9:B4 Harani (Padani-arami), 9:E2 Hazoni, 3:B3, 4:D3, 10:C2 Hebroni, 1:B6, 2:D1, 3:A5, 4:C5, 10:B7, 11:B7 Hebroni, Mugwagwa weku, 12:A7 Herioporisi, (Oni), 2:A3 Hermoni, Gomo, 1:C1, 3:B2, 4:D2, 10:C1, 11:D1, 14:D5 Heshboni, 4:D5 Hispania, dunhu, 8:A2 Horebi, (Gomo reSinai), 2:C4, 9:D4 Hori, Gomo, 2:D2 Horma, 2:D1, 4:C6 Ikoniama, 13:G2 Isakari, dzinza, 3:B4 Israeri, dunhu, 4:C4 Israeri, Dziva re, mu-Jerusarema, 12:C4 Itaria, dunhu reRoma, 8:B2, 13:A1 Jabeshi-gireadi, 3:B4 Jaboki, rwizi, 1:C5, 3:B4, 4:D4, 10:C5, 11:C5 Jemania, dunhu, 8:B1 Jeriko, 1:C5, 2:D1, 3:B5, 4:D5, 10:C5, 11:C6, 14:A7, 14:C3 Jeriko, Mugwagwa weku, 12:D5 Jerusarema, Guta ReKumusoro, 12:B6 Jerusarema, Guta Rezasi, 12:C6 Jerusarema (Saremi), 1:B6, 2:D1, 3:A5, 4:C5, 5:B3, 6:B3, 7:A3, 8:C3, 9:D3, 10:B6, 11:B6, 13:H3, 14:B2, 14:B6
---	--	---

Jezreeri, 4:D4, 10:B4 Jezreeri (Esidraroni), Nhika ye, 1:B3, 10:B3 Jopa, 1:A5, 3:A4, 4:C4, 10:A5, 11:A5, 13:H3 Jopa, Mugwagwa weku, 12:A4 Juda, dunhu, 1:B6, 5:B3, 10:B7, 11:B7 Juda, dzinza, 3:A5 Juda, Renje re, 1:B7, 11:B7 Kadeshi-barnea, 2:C2, 3:A6, 4:C6 Kaftori (Krita), chitsuwa, 9:A3 Kana, 11:C3 Kanani, dunhu, 2:C1, 9D3 Kapadokia, dunhu, 13:H2 Kapernaume, 11:C3 Karkemishi, 5:B2, 6:B2, 9:D2 Karmeri, Gomo, 1:B3, 3:A3, 4:C3, 10:B3, 11:B3 Kayafasi, Imba ya, mu-Jerusarema, 12:B6 Kesaria, 11:B4, 13:H3 Kesaria Firipo, 11:C2 Kinereti, Gungwa re, 1:C3, 3:B3, 4:D3, 9:D3, 10:C3, 11:C3 Kinido, 13:E2 Kiri-hariseti, 10:C7 Kishoni, rwizi, 1:B3, 10:B3, 11:B3 Kitimi, (Saipurasi), chitsuwa, 9:C3 Kiyi, chitsuwa, 13:E2 Korinte, 13:D2 Krita (Kaftori), chitsuwa, 8:C3, 9:A3, 13:D3 Kurini, 13:D3 Macherasi, 11:C7 Magdani, 11:C3 Mahanaimi, 10:C4 MaHetvi, vanhu, 9:D2 MaHivi, vanhu, 3:B2 MaHori, vanhu, 9:E2 Maisini, 5:A2 Makedonia, dunhu, 7:A2, 8:C2, 13:D1	Makomo eRebanoni, 1:C1, 10:C1, 11:C1 Manase, dzinza, 3:A4, 3:B3 Mara, 2:B3 Maruta, chitsuwa, 13:B3 Masvingo eAntonia, mu-Jerusarema, 12:C3 Midiani, dunhu, 2:D4, 9:D4 Miorivhi, Gomo re, 1:B6, 10:B6, 11:B6, 12:D4, 14:B6 Mira, 13:F2 Mireto, 13:E2 Misasa yemuRenje, 2:C4 Misia, dunhu, 13:E2 Medeba, 4:D5 Media, Hutongi hwe, 6:D3 Megido, 1:B3, 3:A4, 4:C4, 6:B3, 9:D3, 10:B3 Memfusi (Nofi), 2:A3, 5:B3, 6:B3, 7:A3, 8:C3 Merita (Maruta), chitsuwa, 13:B3 Mesopotamia, 8:D3, 9:E2 Moabi, Bani re, 1:C6, 11:C6 Moabi, dunhu, 1:C7, 2:D1, 3:B6, 4:D6, 10:C7 More, Chikomo che, 1:C3, 10:B3 Moria, Gomo, 14:B6 Mumba yePamusoro, mu-Jerusarema, 12:B6 Muromo werwizi rweNairi, 2:A2, 9:C4 Muzinda waHerode, mu-Jerusarema, 12:B5 Muzinda weHasimonia, muJerusarema, 12:C5 Mvura dzeMeromi (Dziva reHuri), 10:C2 Nabatia, dunhu, 11:C8 Naftari, dzinza, 3:B3 Naini, 11:C4 Nairi, rwizi, 2:A3, 5:B4, 6:B4, 7:A4, 8:C4, 9:C4 Nazareta, 1:B3, 11:B3 Nebo, Gomo, 1:C6, 2:D1, 3:B5, 4:D5, 10:C6, 11:C6 Negevi, dunhu, 1:A8, 10:A8	Nhika yeHinomi, mu-Jerusarema, 12:B7 Nhika yeHuri, 1:C2, 11:C2 Nhika yeKidroni, mu-Jerusarema, 12:D6 Ninive, 5:C2, 9:F2 Nofi, (Memfusi), 2:A3 Nyika yeChikomo yeJuda, 14:B2 Oni (Herioporisi), 2:A3, 9:C4 Padani-arami (Harani), 9:E2 Pafosi, 13:G3 Pamfiria, dunhu, 13:F2 Parani, Renje re, 2:C3 Patia, Hutongi hwe, 8:D3 Patmosi, chitsuwa, 13:E2 Pegamamu, 13:E2 Penueri, 10:C4 Perga, 13:F2 Peria, 11:C5 Persia, 5:D4, 6:D4 Pihahiroti, 2:B3 Pisidia, dunhu, 13:F2 Pitomi, 2:B2 Ponto, dunhu, 13:G1 Puteori, 13:B1 Raba (Amman), 1:D5, 3:B5, 10:D5, 14:D2 Raisha (Dani), 10:C2 Rakishi, 1:A6, 3:A5, 4:C5, 10:A6 Ramesesi (Tanisi), 2:B2 Ramoti-gireadi, 3:B4, 4:D4 Raodikea, 13:F2 Refidimi, 2:C4 Regio, 13:B2 Renje reKumabvazuva, 2:D3 Renje reSinai, 2:C4 Ribia, 8:B3, 13:C4 Ridia, dunhu, 13:E2 Rikia, dunhu, 13:F2 Ristra, 13:G2 Ritani, rwizi, 1:C1, 10:C1, 11:C2 Rode, chitsuwa, 9:B3, 13:E3 Roma, 8:B2, 13:A1
---	---	--

Rubeni, dzinza, 3:B5	Simeoni, dzinza, 3:A6	Tesaronika, 8:C2, 13:D1
Ruzi, (Beteri), 10:B5	Sinai, Gomo (Horebi), 2:C4, 9:D4	Tiberiasi, 11:C3
Rwizi rweIndasi, 7:D4	Sinai Peninsula, 2:C3	Tibisi, 5:B4, 6:B4, 7:A4, 8:C4
Rwizi rweJordani, 1:C5, 2:D1, 3:B4, 4:D4, 10:C5, 11:C5	Sini, Renje re, 2:C4	Tigirisi, rwizi, 5:C2, 6:C2, 8:D3, 9:G3
Saipurasi (Kitimi), chitsu- wa, 8:C3, 9:C3, 13:G3	Sirakuse, 13:B2	Tire, 1:B2, 3:A3, 4:C3, 9:D3, 10:B1, 11:B2, 13:H3
Samaria, 1:B4, 5:B3, 10:B4, 11:B5, 13:H3	Siroami, Dziva re, mu- Jerusarema, 12:C7	Tiroyi, 9:B2
Samaria, dunhu, 1:B4, 10:B4, 11:B4	Sisiria, dunhu, 13:G2	Toremai (Ako, Akocho), 1:B3, 11:B3, 13:H3
Samaria, Mugwagwa weku, 12:B1	Siria, dunhu, 6:B3, 8:C3, 9:D3, 11:C2, 13:H3	Trans-Jordan, Nzvimbo Dzakakwirira Dzakatisandra dze, 14:D2
Samoterasi, chitsuwa, 13:E1	Smirna, 13:E2	Troa, 6:A2, 7:A2, 13:E2
Sarami, 13:G3	Sodoma neGomora, nzvi- mbo ye, 10:C8	Uraritu, dunhu, 9:E1
Saremi (Jerusarema), 9:D3	Soreki, rwizi, 1:B6, 10:B6, 11:B6	Uri, 5:C3, 9:E2, 9:G3
Sarepta, 11:B1	Suezi, Gungwa rakadzama re, 2:B3	VaFiristia, vanhu, 2:C2
Sarimi, 11:C4	Sukoti, muEgipita, 2:B2	Water Gate, muJerusare- ma, 12: C7
Sarmatia, dunhu, 8:C1	Sukoti, muIsraeri, 3:B4, 4:D4	Yarimuki, rwizi, 1:C3, 10:C3, 11:C3
Serpent's Pool, mu- Jerusarema, 12:A6	Susa Gedhi, muJerusarema, 12:D4	Yufratesi, rwizi, 5:B3, 6:C3, 8:D3, 9:E2
Sharon, Bani re, 1:B4, 10:B4, 11:B5	Susa (Shushani), 6:C3, 7:B3, 9:G3	Zeburuni, dzinza, 3:A3
Sheep Gate, muJerusare- ma, 12:C4	Taberne Nhatu, 13:B1	Zeredi, rwizi, 1:C8, 2:D2, 3:B6, 4:D6, 10:C8, 11:C8
Shekemi, 3:A4, 4:C4, 10:B4	Tabori, Gomo, 1:C3, 3:B4, 4:D4, 10:C3, 11:C3, 14:C6	Zikiragi, 4:C5
Shepera, 1:B6, 10:B6, 14:B2	Tanisi (Ramesesi), 2:B2	Zini, Renje re, 2:C2
Shinari (Baberi), 9:G3	Tarso, 13:G2	Zioni, Gomo, 14:B6
Shiro, 3:A4, 4:D4, 10:B5	Tekoa, 10:B6	Zororo Rakanaka, chiteshi chengarava, 13:E3
Shuri, Renje re, 2:B2	Temberi, Manera eku, muJerusarema, 12:D5	
Shushani, (Susa), 6:C3, 7:B3, 9:G3	Temberi, muJerusarema, 12:C4	
Sidoni, 1:C1, 3:A2, 4:D2, 9:D3, 10:C1, 11:C1, 13:H3	Temberi, Shongwe ye, muJerusarema, 12:D5	
Sikari, 11:B5		



MAMEPU ANEZVEKUITA NEBHAIBHERI

Mamempu anotevera aripo paku-batsira mukudzidza magwaro matsvene uye akagadzirirwa kuti asumdzire magwaro ekudzidzisa akaiswawo muzvidzidzo zveSangano zvekuraidzisa.

Zvakapaurwa pamepu iripamusoro zvinonongedza zvinofanirwa kunyatsotarisiswa mumamepu akanyorwa manhamba anotevera acho. Mamepu aya akaumbwa nezvematumhu makuru uyezve achitarisawo zvishomanana nezvemamiriro enzvimbo.

MEPU 1 MEPU YECHIMIRO
CHENZVIMBO TSVENE

MEPU 2 RWENDO RWEMAISRAERI
KUBVA MUEGIPITA
NEKUPINDA MUKANANI

MEPU 3 KUPATSANURWA
KWEMADZINZA 12

MEPU 4 HUTONGI HWADAVIDI
NASOROMONI

MEPU 5 HUTONGI HWEASIRIA

MEPU 6 HUTONGI HWEBABIRONI
ITSVA (Nebukadnezari)
NEUMAMBO HWEEGIPITA

MEPU 7 HUTONGI HWEPIERSIA

MEPU 8 HUTONGI HWEROMA

MEPU 9 NYIKA YETESTAMENTE
YAKARE

MEPU 10 KANANI MUNGUVA
YETESTAMENTE YAKARE


MEPU 11 NZVIMBO TSVENE
MUNGUVA YETESTAMENTE
ITSVA

MEPU 12 JERUSAREMA PANGUVA
YAJESU


MEPU 13 NZENDO DZEHUSHUMIRI
DZEMUAPOSITORI PAURO

MEPU 14 KUKWIRIRA KWENZVIMBO
TSVENE MUNGUVA
DZEBHAIBHERI






1. **Ramesesi** Israeri akatandaniswa kubva mu-Egipita (Eks. 12; Num. 33:5).
2. **Sukoti** Mushure mekunge maHeberu vabva panzvimbo yemuzinda uyu wekutanga, Ishe vakavatungamirira masikati arimushongwe yegore uye ari mushongwe yemoto kana huru husiku (Eks. 13:20-22).
3. **Pihahiroti** Israeri akapfuura nemuGungwa Dzvuku (Eks. 14; Num 33:8).
4. **Mara** Ishe vakaponesa mvura dzeMara (Eks. 15:23-26).
5. **Erimi** Israeri akamisa musasa pazvitubu 12 (Eks. 15:27).
6. **Renje reSinai** Ishe vakatumira mana nezvihuta kuti malsraeri vadye (Eks. 16).
7. **Refidimi** Israeri akarwa naAmareki (Eks. 17:8-16).
8. **Gomo reSinai (Gomo reHorebi kana Jebero Musa)** Ishe vanoburitsa Pachena Mitemo Gumi (Eks. 19-20).
9. **Renje reSinai** Israeri anovaka tabernakeri (Eks. 25-30).
10. **Misasa yemuRenje** Makumi manomwe emagosa akadaidzwa kuti vabatsire Mosesi kutonga vanhu (Num. 11:16-17).
11. **Ezioni-geberi** Israeri akapfuura nemuminda ya-Esau naAmoni murunyararo (Deut. 2).
12. **Kadeshi-barnea** Mosesi akatumira vasori munyika yechipikirwa; Israeri anopanduka nekukoniwa kupinda munzimbo; Kadeshi yakashanda semusasa mukuru wemaIsraeri kwemakore akawanda kwazvo (Num. 13:1-3, 17-33; 14; 32:8; Deut. 2:14).
13. **Renje reKumabvazuva** Israeri anonzwenga kusawirirana naEdomi naMoabi (Num. 20:14-21; 22-24).
14. **Rwizi rweArmoni** Israeri anoparadza maAmori vavakarwa navo (Deut. 2:24-37).
15. **Gomo reNebo** Mosesi anodongorera nyika yechipikirwa (Deut. 34:1-4). Mosesi anoparidza mharidzo dzake nhatu dzekupedzisira (Deut. 1-32).
16. **MaPani eMoabi** Ishe vakaudza Israeri kuti akamure nyika nekutorera zvachose vagari vemo (Num. 33:50-56).
17. **Rwizi rweJordan** Israeri akadarika Rwizi rweJordan nepasi pakaoma. Pedyo neGirgari, matombo akabva pasi peRwizi rweJordan akagadzwa sechirangariro chemvura dzeJordan dzakapatsanurwa (Josh. 3-5:1).
18. **Jeriko** Vana veIsraeri vakapamba nekuparadza guta (Josh. 6).



HUTONGI HWEASIRIA

MEPU 5




HUTONGI HWEBABIRONI ITVA (Nebukadnezari) NEUMAMBO HWEEGIPITA

MEPU 6



HUTONGI HWE PERSIA


MEPU 7



HUTONGI HWEROMA

MEPU 8





1. **Gomo reArarati** Nzvimbo yagara ichingozivikanwa kuti ndipo pakamhara ngarava yaNoa (Gen. 8:4). Nzvimbo chaiti iyo haizivikanwi.
2. **Uri** Musha wekutanga waAbraham, uko kunove kwaakapotsa ave chipiriso chemunhu, akaona ngirozi yaJehova, akatambira Urimi neTumimi (Gen. 11:28; 12:1; Abr. 1: 3:1). Cherechedza zvakare imwe yenzi-mbo ingangove yeUri nechekuchamhembe kweMesopotamia.)
3. **Babironi Baberi (Shinari)** YakatangakugarwanaKushi, mwanaKomana waHami, uye naNimirodi. Nzvimbo yekutanga yemalareti panguva yeShongwe yeBaberi mumatunhu makuru eShinari. Mushure rakave guta guru redunhu reBabironia uye musha wemadzima-mbo vaBabironia, kusanganisira Nebukadnezari, uyo akatora majuda akawanda mulupambi muguta rake mushure mekuparadza kweJerusarema (587 Kristu asati azvarwa). Majuda vakaramba vari mhusungwa muBabironi kwemakore anokwana 70 kusvikira munguva yaMambo Koreshi, uyo akabvumira majuda kuti vadzokere kuJerusarema kuti vavakezve temberi. Danieri muporofita akagarawo pano pasi pehutongi hwaNebukadnezari, Bershazari, naDariusi I (Gen. 10:10; 11:1-9; II Madz. 24-25; Jer. 27:1-29; Ezek. 1:1; Dan. 1-12; Omu. 1:22; Eta 1:33-43).
4. **Shinari (Susa)** Guta guru reHutongi hwePersia pasi pasi pehutongi hwaDariusi wekutanga (Dariusi Mukuru), Zekisisi (Ahasuerusi), naArtashaista. Kwaigara Mambokadzi Estere, uyo kushinga kwake nerutendo kwakaponesa majuda. Danieri, mushure mezo, Nehemia vakashandirawo pano (Neh.1:1; 2:1; Est. 1:1; Dan. 8:2).
5. **Bani reDura** Shadraki, Meshaki naAbedi-nego vakakandwa mubisitiro raipisa zvikuru pavakaramba kunamata chimufananidzo chegoridhe chakange chagadzirwa naNebukadnezari; Mwanakomana waMwari akavachengedza, uye vakabuda mubisitiro vasina kumbokuvura (Dan. 3).

6. **Asiria** Asharia raive guta guru rekutanga re-Asiria, richizoteverwa neNinive. Vatongi veAsiria Sharneseri wechishanu naSargoni wechiperi vakapamba Umambo HweKuchamhembe hweIsraeri vakatakura madzinda gumi mhusungwa muna 721 Kristu asati azvarwa (II Madz. 14-15; 17-19). Asiria yaive chityiso kumajuda kusvikira muna 612 Kristu asati azvarwa. Asina payakurirwa neBabironi.
7. **Ninive** Guta guru reAsiria. Asiria yakarwisa nyika yeJuda munguva yehutongi hwaHezekia nehushumiri hwemuporofita Isaya. Jerusarema guta guru reJuda, rakapuyutswa zvinoshamisa apo ngirozi yakauraya mauto 185,000 vechiAsiria (II Madz. 19:32-37). Ishe akaudza muporofita Jona kuti aparidzire kuvanhu veguta tri kuti vagotendeuka (Jona 1:2; 3:1-4).
8. **Harani** Abraham akagara pano kwechinguvana asati aenda kuKanani. Baba vaAbraham nemukoma wake vakasara vari pano. Rebeka (Mukadzi walsaka), uye Rakeri, Rea, Bitha naZirpa (Vakadzi vaJakobo), vakabva panzvimbo ino (Gen. 11:31-32; 24:10; 29:4-6; Abr. 2:4-5).
9. **Karkemishi** Farao Neko akakudwa pano naNebu-kadnezari wechiperi, zvakazopedza masimba eMaEgiptu maKanani (II Mak. 35:20; 36:6).
10. **Sidoni** Guta rino rakatangwa naSidoni, muzukuru waHami, uye ndino guta rechiKanani rekuchamhembe kwekupedzisira (Gen. 10:15-20). Raive musha waje-saberi, uyo akauza kunamatwa kwaBaari mulsaeri (I Madz. 16:30-33).
11. **Tire** Iri raive guta raikoshwa munezvetekegeserana uye iri chiteshi chengarava muEzira. Hirami weTire akatimira sidha negoridhe nevarume vaishanda kuzobatsira Soromoni mukuvaka temberi (I Madz. 5:1-10; 18; 9:11).
12. **Damasiko** Abraham akunurura Roti pano. Raive guta guru reSina. Munguva yekutonga kwaMambo Davidi, malsraeri vakapamba guta iri. Erija akaropa-

- fadza Hazari kuti aite mambo weDamasiko (Gen. 14:14-15; II Sam. 8:5-6; I Madz. 19:15).
13. **Kanani** Abraham nezvivarwa zvake vakapihwa nzvimbo iyi kuti igove yavo nekusingaperi (Gen. 17:8).
14. **Gomo reSinali (Horebi)** Ishe vakaitura kuna Mosesi kubva muchigwenzi chaiviro (Eks. 3:1-2). Mosesi akapihwa Mutemo neMirairo Gumi (Eks. 19-20). Ishe akaitaura kuna Erija muizwi, rakadzikama riri diki (I Madz. 19:8-12).
15. **Ezioni-geberi** Mambo Soromoni akavaka ngarava dze-hondo muEzioni-geberi (I Madz. 9:26). Zvingagodaro kuti padhitesi chengarava ichi, mambokadzi Sheba, mushure mekunzwa mukurumbira waSoromoni, akasvikira pano kuti amutone (I Madz. 10:1-13).
16. **Egipita** Abraham akafambira kuno nokuda kwenzara huru muUri (Abr. 2:1, 21). Ishe akaudza Abraham kuti adzidzise maEgipita zvaakange iye amatidzwa nalshe (Abr. 3:15). Vakoma vaJosefa vakamutengesa muhu-nhapwa (Gen. 37:28). Josefa akave mutongi wemba yaYofitari pano. Akakandwa mutorongu. Akadudzira chiroto chaFarao akaba aphiwa chinzvimbo chama-simba muEgipita. Josefa nevakoma vake vakauzwa panwechete. Jakobo nemhuri yake vakatamira pano (Gen. 39-46). Vana velsraeri vakagara muGosheni munguva dzematambiro avo muEgipita (Gen. 47:6). Malsraeri vakawanda vakaparirira nekuba namasi-mba makuru; apo ndipo pavakazopinzwa muhumba-pwa nemaEgipita (Eks. 1:7-14). Mushure mezviko-ndombera zvaiteedzwa teedzwa Farao akabvumira Israeri kubva muEgipita (Eks. 12:31-41). Jeremia akaendeswa kuEgipita (Jer. 43:4-7).
17. **Kaiforti (Krita)** Nzvimbo yakare yemaMinoenzi.

1. **Dani (Raisha)** Jeroboami akamisa chimhuru chegoridhe kuti chigonamatwa neHutongi hwe-Kuchamhembe (I Madz. 12:26–33). Dani raive magumo ekuchamhembe kwelsraeri yakare.
2. **Gomo reKameri** Erija akakoka mapirisita aBaari uye akavhura matenga kuti mvura inaye.
3. **Megido** Nzvimbo yehondo dzakawanda (Vat. 4:13–16:19; II Mak. 35:20–23; II Madz. 23:29). Soromoni akaunganidza vanhu kuti vagovaka Megido (I Madz. 9:15). Mambo Josia weJuda akakuvadzwa zvikamuuraya muhondo yake naFarao Neko weEgipita (II Madz. 23:29–30). Pakuuya kwechipiri kwalshe, kupesana kukuru uye kwekupedzesera kuchatora nzvimbo mu-Nhika yeJezeeri sechikamu chehondo yeHarmagedoni (Joere 3:14; Zvaka. 16:16; 19:11–21). Zita rekuti Harmagedoni nderechiGiriki richtsanganurwa kubva kuchiHeberu *Har Magedoni* kana kuti Gomo reMegido.
4. **Jezeeri** Zita reguta riri munhika huru uye yakaorera yeIsraeri inezita remwechetero. Madzimambo eUmambo hweKuchamhembe vakavaka muzinda wamambo pano (II Sam. 2:8–9; I Madz. 9:30). Mambokadzi akaipisa Jesaberi akagara uye akafira pano (I Madz. 21; II Madz. 9:30).
5. **Beti-shani** MaIsraeri vakatarisana nemaKanani pano (Josh. 17:12–16). Mutumbi waSauro wakasungirirwa kumadziro emuzinda uno (I Sam. 31:10–13).
6. **Dotani** Josefa akatengeswa muhunhapwa nevakoma vake (Gen. 37:17, 28; 45:4). Erisha akave nechiratidzo chegomo rakazara nemabhiza nengoro dzehondo (II Madz. 6:12–17).
7. **Samaria** Guta guru reUmambo hweKuchamhembe (I Madz. 16:24–29). Mambo Ahabi akavaka temberi kuna Baari (I Madz. 16:32–33). Erija naErisha vakashumira (I Madz. 18:2; II Madz. 6:19–20). Muna 721 Kristu asati azvarwa naAsiria vakarikunda, vakazazikisa kupambwa kwemadzinza 10 (II Madz. 18:9–10).
8. **Shekemi** Abrahamama akavaka arita (Gen. 12:6–7). Jakobo akagara pano. Simeoni naRevi vakaparadza varume vose veguta rino (Gen. 34:25). Hurudziro yaJoshua yekuti “sarudzai. . . zuva ranhasi” kushandira Mwari yakabva muShekemi (Josh. 24:15). Pano Jeroboami akamisa guta guru rekutanga reUmambo hweKuchamhembe (I Madz. 12).
9. **Gomo reEbari neGomo reGerizimi** Joshua akapatsanuru maIsraeri muzvikwata zviviri—makomborero emutemo akaparidzwa paGomo reGerizimi, ukuwo kutukwa kwakafanodudzirwa kubva paGomo reEbari (Josh. 8:33). Mushure maSamaria vakazovaka temberi paGerizimi (II Madz. 17:32–33).
10. **Penueri (Penieri)** Pano Jakobo akarwisana husiku hwose nemutumwa walshe (Gen. 32:24–32). Gideoni akaparadza muzinda wemaMidiani (Vat. 8:5, 8–9).
11. **Jopa** Jona akasumuka nengarava kubva pano achienda nechekuTarshishi achinzvenga hushumiri hwake kuNinive (Jona 1:1–3).
12. **Shiro** Munguva dzeVatongi, Guta guru re-Israelaeri netabernakeri zvakange zviri pano (I Sam. 4:3–4).
13. **Beteri (Ruzi)** Pano Abrahamama akaparadzana naRoti (Gen. 13:1–11) uye akaona chiratidzo (Gen. 13; Abr. 2:19–20), Jakobo akaona chiratidzo chemanera aisivika kudenga (Gen. 28:10–22). Tabernakeri yakange iri pano kwechinguvana (Vat. 20:26–28). Jeroboami akamisa chimhuru chegoridhe kuti Umambo hweKuchamhembe hagonamata (I Madz. 12:26–33).
14. **Gibeoni** Vanhu vechiHivi pano vakanyengedza Joshua mukuita chisungo (Josh. 9). Zuva rakambomira apo Joshua aikunda muhondo (Josh. 10:2–13). Iyi yaive nzvimbo yetabernakeri kwechinguvana (I Mak. 16:39).
15. **Gaza, Ashdodi, Ashkeroni, Ekroni, Gadi (maguta mashanu eFiristia)** Kubva kumaguta aya maFiristia vaiwanzo ita hondo kunema-Israelaeri.
16. **Betrehema** Rakeri akavigwa padyo nepano (Gen. 35:19). Rute naBoazi vakagara pano (Rute 1:1–2; 2:1–4). Raideedzwa kunzi guta raDavidi (Ruka 2:4).
17. **Hebroni** Abrahamama (Gen. 13:18), Isaka, Jakobo, (Gen. 35:19), Davidi (II Sam. 2:1–4), naAbsaromi (II Sam. 15:10) vakagara pano. Iri ndiro raive guta guru rokutanga reJuda pasi paMambo Davidi (II Sam. 2:11). Zvinofungidzirwa kunzi Abrahamama, Sara, Isaka, Rebeka, Jakobo, naRea wakavigirwa pano mubako raMakpera (Gen. 23:17–20; 49:31, 33).
18. **Eni-gedi** Davidi akahwanda kubva kunaSauro uye akaponesa upenyu hwaSauro (I Sam. 23:29; 24:1–22).
19. **Gerari** Abrahamama nalsaka vakagara pano kwechinguvana (Gen. 20–22; 26).
20. **Beeri-sheba** Abrahamama akachera tsime pano akabvumirana naAbimereki (Gen. 21:31). Isaka akaona Ishe (Gen. 26:17, 23–24), uye Jakobo aka-gara pano (Gen. 35:10; 46:1).
21. **Sodoma neGomora** Roti akasarudza kugara muSodoma (Gen. 13:11–12; 14:12). Mwari akaparadza Sodoma neGomora nokuda kwehuipi (Gen. 19:24–26). Jesu mushure akazoshandisa maguta aya semifananidzo yehupi (Mat. 10:15).



1. **Tire neSidoni** Jesu akafananidza Chorazini neBetsaida kune Tire neSidoni (Mat. 11:20–22). Akarapa mwanasikana wemukadzi wechijentairi (Mat. 15:21–28).
2. **Gomo rekuShandurwa Chimiro** Jesu akashanduka chimiro pamberi paPetro, Jakobo, naJohane, uye vakatambira makiyi eumambo (Mat. 17:1–13). (Vamwe vanotenda kuti Gomo rekuShandurwa Chimiro kuti ndiro Gomo reHermoni; vamwe vachitendawo kuti iGomo reTabori).
3. **Kesaria Firipo** Petro akapupura kuti Jesu ndiye Kristu uye akavimbiswa makiyi eumambo (Mat. 16:21–28).
4. **Dunhu reGarirea** Jesu akapedza nguva yakawanda yeupenyu nekushumira kwake muGarirea (Mat. 4:23–25). Pano akapa Mharidzo yepaGomo (Mat. 5–7); akaponesa aive nemaperembudzi (Mat. 8:1–4); uye akasarudza, akagadza, uye akatumidzira Vaapositori vaneGumi neVaviri, pavari vose Judasi Iskarioti ndiye chete akange asiri wemuGarirea (Marko 3:13–19). MuGarirea, Jesu akamutsa akazviratidza kuVaapositori (Mat. 28:16–20).
5. **Gungwa reGarirea, mushure rakazodaidza kunzi gungwa reTiberiasi** Jesu akadzidzisa ari muigwa raPetro (Ruka 5:1–3) uye akadedza Petro, Andrea, Jakobo, naJohane kuti vave varauri vevanhu (Mat. 4:18–22; Ruka 5:1–11). Akanyaradza dutu remvura (Ruka 8:22–25), akadzidzisa nezverungano ari muigwa (Mat. 13), akafamba pamusoro pegungwa (Mat. 22–32), uye akazviratidza kuvatevedzeri vake mushure meKumuka kwake kuvakafa (Joh. 21).
6. **Betsaida** Petro, Andrea, naFiripo vakazvarirwa muBetsaida (Joh. 1:44). Jesu akaenda muchivande neVaapositori pedyo neBetsaida. Mhombu yevanhu yakamutevera, akapa chokudya kuvzuru zvevanhu 5000 (Ruka 9:10–17; Joh. 6:1–14). Pano Jesu akaporesa murume aive bofu (Marko 8:22–26).
7. **Kapernaume** Uyu ndiwo waiva musha waPetro (Mat. 8:5, 14). MuKapernaume, umo munove makanzi naMateo kunaJesu “guta rake,” Jesu akaporesa munhu akafa mitezo (Mat. 9:1–7; Marko 2:1–12), akarapa mushandi muranda wemukuru mukuru wamauto, akaporesa amai wemukadzi waPetro (Mat. 8:5–15), akavedza Mateo kuti ave mumwe weVaapositori vake (Mat. 9:9), akavhura maziso evasingaone, akabvisa chidhiabhorosi (Mat. 9:27–33), akaporesa murume aive neruoko rwakaremara nemusi weSabata (Mat. 12:9–13), akapa nhorooondo yechingwa cheupenyu (Joh. 6:22–65), uye akavuma kubhadara mutero, achitaurira Petro kuti andotora mari kubva mukwana mehove (Mat. 17:24–27).
8. **Magdani** Uyu waive musha waMaria Magdarene (Marko 16:9). Jesu akauya pano mushure mekupa chokudya kune 4000 (Mat. 15:32–39), uye vaFarise nemaSejusi vakamukumbira kuti varatidzwe chiratidzo kubva kudeंगा (Mat. 16:1–4).
9. **Kana** Jesu akashandura mvura kuiita waini (Joh. 2:1–11) nekuporesa mwanakomana wemurume airemekedzwa aive paKapernaume (Joh. 4:46–54). Kana waive uri musha waNatanaeri (Joh. 21:2).
10. **Nazareta** Kushanyirwa ngengirozi kuna Maria naJosefa kwakaitikira muNazareta (Mat. 1:18–25; Ruka 1:26–38; 2:4–5). Mushure mekudzoka kubva kuEgipita, Jesu akapedza humwana nehujaya hwake pano (Mat. 2:19–23; Ruka 2:51–52), akazivisa kuti akanga ari Mesia, uye akarambwa nevanhu verudzi rwake (Ruka 4:14–31).
11. **Jeriko** Jesu akasvinudza murume aiva bofu (Ruka 18:35–43). Akanodya zvakare naZakeo, mukuru wevateresi (Ruka 19:1–10).
12. **Betebara** Johane Mubapatidzi akapupura kuti ndiye aive ari “izwi reuyo anochemba ari murenje” (Joh. 1:19–28). Johane akabhabhatidza Jesu muRwizi rweJordanani uye akapupura kuti Jesu ndiye Gwayana raMwari (Joh. 1:28–34).
13. **Renje reJuda** Johane Mubapatidzi akaparidza murenje iri (Mat. 3:1–4) umo munove Jesu akatsanya kwemazuva 40 uye akayedzwa (Mat. 4:1–11).
14. **Emausi** Jesu akamutsa akafamba munzira iyi kuenda kuEmausi nevadzidzi vake vaviri (Ruka 24:13–32).
15. **Betafage** Vadzidzi vaviri vakaunzira Jesu dhongi rinove raakashandisa kupinda kwake kumukurumbira muJerusalem (Mat. 21:1–11).
16. **Betania** Uyu waive musha waMaria, Marta, naRazaro (Joh. 11:1). Maria akanzwa mazwi aJesu, uye Jesu akataura kunaMarta nezvekusarudza “chinhu chakanaka” (Ruka 10:38–42); Jesu akamutsa Razaro kubva kuvakafa (Joh. 11:1–44); uye Maria akazodza tsoka dzaJesu (Mat. 26:6–13; Joh. 12:1–8).
17. **Betrehema** Jesu akazvara nekuradzikwa muchidyiro (Ruka 2:1–7); ngirozi dzakatumira shoko kunevafudzi nezvekuzvarwa kwaJesu (Ruka 2:8–20); varume vanehushenjeri vakatungamirirwa nenyeredzi kusvikira kunaJesu (Mat. 2:1–12); uye Herode akauraya vana (Mat. 2:16–18).




KIYIYEMEPU 11


— Miganhu yema-tongerwo enyika



Makiromita 0 20 40 60

1. **Gorgota** Ingangove nzvimbo yakarovererwa Jesu (Mat. 27:33–37).
2. **Bwiro reMubindu** Jesu akavigwa (Joh. 19:38–42). Jesu akamutswa akazviratidza kuna Maria Magdarene mubindu (Joh. 20:1–17).
3. **Masvingo eAntonio** Zvingangodaro kuti Jesu akapomerwa, akashorwa, akanyombwa, akarohwa panzvimbo ino (Joh. 18:28–19:16). Pauro akasungwa akatsanangurazwe rungango rwekutendeuka kwake (Mabasa 21:31–22:21).
4. **Dziva reBetesda** Jesu akaporesa munhu asina simba muviri wose nemusi weSabata (Joh. 5:2–9).
5. **Temberi** Gabrieli akavimbisa Zakaria kuti Erisabete achabereka mwanakomana (Ruka 1:5–25). Chidzitiro chetemberi chakabvaruka napakati pakufa kweMuponesi (Mat. 27:51).
6. **Biravira raSoromoni** Jesu akashambadzira kuti ndiye aive Mwanakomana waMwari. MaJuda akaedza kumutema namatombo (Joh. 10:22–39). Petro akaparidza kutendeuka mushure mekuporesa murume akaremara (Mabasa 3:11–26).
7. **Gate Beautiful** Petro naJohane vakaporesa murume akaremara (Mabasa 3:1–10).
8. **Shongwe yeTemberi** Jesu akaedzwa naSatani (Mat. 4:5–7). (Pane nzvimbo mbiri dzagara dzichingozivikanwa dzechitiko ichi).
9. **Gomo Dzvene** (nzvimbo isina kudomwa)
 - a. Zvagara zvichizivikanwa kuti pano Abrahamu akavaka atari yechipiro chalsaka (Gen. 22:9–14).
 - b. Soromoni akavaka temberi (I Madz. 6:1–10; II Mak. 3:1).
 - c. MaBabironi vakaparadza temberi mungangoda kuita muna 587 Kristu asati azvarwa (II Madz. 25:8–9).
 - d. Zerubaberi akavakazve temberi mungangoda kuita muna 515 Kristu asati azvarwa (Ezra 3:8–10; 5:2; 6:14–16).
 - e. Herode akawedzera chivanze chetembere akavakazve temberi kutangisa muna 17 Kristu asati azvarwa. Jesu akavitswa achiri mwana (Ruka 2:22–39).
 - f. Pazera re12, Jesu akadzidzisa ari mutemberi (Ruka 2:41–50).
 - g. Jesu akachenesa temberi (Mat. 21:12–16; Joh. 2:13–17).
 - h. Jesu akadzidzisa ari mutemberi munguva dzakati wandei (Mat. 21:23–23:39; Johane 7:14–8:59).
 - i. MaRoma ari pasi paTito vakaparadza temberi muna 70 Kristu azvarwa.
10. **Bindu reGetsemani** Jesu akatambura, akatengeswa, uye akasungwa (Mat. 26:36–46; Ruka 22:39–54).
11. **Gomo reMiorivhi**
 - a. Jesu akafanogara atura kuparadzwa kweJerusarema netemberi. Akataurawo zvakare nezveKuya Kwechipiri (Mat. 24:3–25:46; ona zvakare JS—Mat.).
- b. Kubva pano Jesu akakwira kuenda kedenga (Mabasa 1:9–12).
- c. Musi wa24 Gumiguru, 1841 Gosa Orson Hyde akanamatira Nzvimbo Tsvene kuitira kudzokera-zve kwevana vaAbrahamu.
12. **Chitubu cheGihoni** Soromoni akagadzwa samambo (I Madz. 1:38–39). Hezekia aive nemugero wakacherwa waiunza mvura kubva kuchitubu kusvika muguta (II Mak. 32:30).
13. **Water Gate** Ezra akaverenga akadudzira mutemo waMosei kuvanhu (Neh. 8:1–8).
14. **Nhika yeHinoni** Chimwari chenhemu Moreki chinamatwa, zvairevawo kusanganisira kupira chipiro chemwana (II Madz. 23:10; II Mak. 28:3).
15. **Imba yaKayafasi** Jesu akatorwa akaiswa pamberi paKayafasi (Mat. 26:57–68). Petro akaramba kuti aiziva Jesu (Mat. 26:69–75).
16. **Mumba yePamusoro** Nzvimbo yagara ichingozi-vikanwa apo Jesu akadyira Chidyo chePaseka uye akadzika sakaramende (Mat. 26:20–30). Akageza tsoka dzevaneGumi neVaviri (Joh. 13:4–17) uye akavadzidzisa (Joh. 13:18–17:26).
17. **Muzinda waHerode** Kristu akatorwa akaendeswa pamberi paHerode, zvingangodaro pari panzvimbo ino (Ruka 23:7–11).
18. **Jerusarema** (nzvimbo isina kudomwa)
 - a. Merkizedeki akatonga samambo weSaremi (Gen.14:18).
 - b. Mambo Davidi akapamba guta iri kubva kumaJebusi (II Sam. 5:7; I Mak. 11:4–7).
 - c. Guta rakaparadzwa nemaBabironi muna 587 Kristu asati azvarwa (II Madz. 25:1–11).
 - d. Mweya Mutsvene wakadzwa vakawanda pazvava rePentekosta (Mabasa 2:1–4).
 - e. Petro naJohane vakasungwa vakaunzwa pamberi pedare (Mabasa 4:1–23).
 - f. Ananiasi naSafira vakanyepa kuna Ishe vakabva vafa (Mabasa 5:1–10).
 - g. Petro naJohane vakasungwa, asi ngirozi yakavanura kubva mutirongo (Mabasa 5:17–20).
 - h. Vaapositori akasarudza varume vanomwe kuti vavabatsire (Mabasa 6:1–6).
 - i. Uchapupu hwaStefano kumaJuda hwakarambwa, uye akatemwa namatombo kusvikira afa (Mabasa 6:8–7:60).
 - j. Jakobo akafira chitendero (Mabasa 12:1–2).
 - k. Ngirozi yakasunungura Petro kubva mutirongo (Mabasa 12:5–11).
 - l. Vaapositori vakakurukura nyenya yezvekudzisingiswa (Mabasa 15:5–29).
 - m. MaRoma vari pasi paTito vakaparadza guta muna 70 Kristu azvarwa.







1. **Gaza** Firipo akaparidza nezvaKristu uye akabhabhatidza muFitipia muPrimo murwendo rwake kuGaza (Mabasa 8:26–39).
2. **Jerusarema** Ona mepu 12 muzvitiiko zvemufurusarema.
3. **Jopa** Petro akagamuchira chiratidzo kuti Mwari vanopa chikomboro chekutendeka kune vemaJentairi (Mabasa 10: 11:5–18). Petro akamutsa Tabita kubva kuvakafa (Mabasa 9:36–42).
4. **Samaria** Firipo akashandira muSamaria (Mabasa 8:5–13), uye Petro nahone pashure vakadzidzisa pano (Mabasa 8:14–25). Mushure mekupa chipo cheMweya Mutsvene, Simoni n'anga akatsvika kutenga chipo ichi kubva kwavari (Mabasa 8:9–24).
5. **Kesaria** Pano, mushure mekushumira kwengirozi kumukuru wamato anzi Kornelio, Petro akamutendera kuti abhabhatidz (Mabasa 10). Pano Pauro akaita chidziviriro chake pamberi paAgripa (Mabasa 25–26; onawo Nh—]S 1:24–25).
6. **Damasiko** Jesu akazviratidza kunaSauro (Mabasa 9:1–7). Mushure Ananiasi akadzosa kuona kwaSauro, Sauro akabhabhatidza akatanga hushumiri hwake (Mabasa 9:10–27).
7. **Antiochia (muSiria)** Pano vadzidzi vakatanga kudzedzwa maKristu (Mabasa 11:26). Agabho akaporofita nevanzera huru (Mabasa 11:27–28). Kupandurirana kukuru kwakaitika paAntiochia nezvekudzingswa (Mabasa 14:26–28; 15:1–9). MuAntiochia Pauro akatanga hushumiri hwake hwechitipi naSirasi, Barnabasi, naTitus Barsaba (Mabasa 15:22, 30, 35).
8. **Tarso** Musha weguta raPauro; Pauro akatumidzirwa kuno neVatungamiri veSangano kuti adzivirirwe upenyu hwake (Mabasa 9:29–30).
9. **Saipurasi** Mushure mekushungurudzwa, vame Vatedi vakatizira kuchitswa chino (Mabasa 11:19). Pauro akapfura nemuSaipurasi murwendo rwake rwehushumiri (Mabasa 13:4–5), sezvakaita Barnabasi naMariko mushure (Mabasa 15:39).
10. **Pafoasi** Pauro akatuka n'anga pano (Mabasa 13:6–11).
11. **Derbe** Pauro naBarnabasi vakaparidza shoko muguta rino (Mabasa 14:6–7, 20–21).

12. **Ristra** Pauro paakaporesa chirema, iye naBarnabasi vakarumbidzwa, sevaive zvimwari. Pauro akatema namatombo akatomboni afa asi akapopuka akaderera mberi nekuparidza (Mabasa 14:6–21). Musha waTimotio (Mabasa 16:1–3).
13. **Ikoniama** Mukushumira kwavo kwekutanga, Pauro naBarnabasi vakaparidzira pano uye vakayisidzirwa nekutema namatombo (Mabasa 13:51–14:7).
14. **Raodikea neKorose** Raodikea nderimwe rebazi reChechi rakashanyirwa naPauro uye rakatambira tsamba dzake (VaKoro. 4:16). Nderimwe remaguta maromwe akanonyo vanu mbubhu reZvakazururwa (manwe acho ndeanoti: Efeso, Smirna, Pergamo, Tiatira, Sardisi, nefiraderfia; onwa Zvaka. 1:11). Korose riri makitromita 18 kumabvazuwa kweRaodikea. Pauro akanyora kuVatendi vaigara muno.
15. **Antiochia (muPisidia)** Mukushumira kwavo kwekutanga, Pauro naBarnabasi vakadzidzisa majluda kuti Kristu akava muChizvarwa chaDavidi. Pauro akapa shoko kumalraetri, uyezve kumaJentairi. Pauro naBarnabasi vakatambudzwa vakadzingswa (Mabasa 13:14–50).
16. **Mireto** Achiri pano muhushumiri hwake hwetatui, Pauro akayambira vakuru veChechi kuti “mapere anoparadza” achapinda pakati penyu (Mabasa 20:29–31).
17. **Patmosi** Johane akange ari musungwa pachitsuwa chino apo akatambira zviratidzo izvi zvave zvino mbubhu reZvakazururwa (Zvaka. 19).
18. **Efeso** Aporo akaparidza pano zvinetsimba (Mabasa 18:24–28). Pauro muhushumiri hwake hwetatui, akadzidzisa muEfeso kwemakore maviri, akatendeutsa vanhu vakawanda (Mabasa 19:10, 18). Pano akapa chipo chemweya mutsvene nekugadza maoko (Mabasa 19:1–7) akaita zvisinhiso zvakawanda, kusanganisira kubvisa mweya yakaipa (Mabasa 19:8–21). Pano vanamati vaDiana vakatanga kumutsira bongozzo Pauro (Mabasa 19:22–41). Chidimbu chebhuku reZvakazururwa chakanyorerwa Chechi repaEfeso (Zvaka. 1:11).
19. **Troa** Pauro akange ari pano murwendo rwake rwekushumira rweperi, akano chiratidzo chemumeme muMakedonia aikumbira rubatsiro (Mabasa 16:9–12). Apo akange ari pano muhushumiri hwake hwetatui, Pauro akamutsa Yutikasi kubva kuvakafa (Mabasa 20:6–12).

20. **Firipo** Pauro, Sirasi, naTimotio, vakatendeutsa mukadzi ainzi Ridia, vakabvisa mweya yakaipa, uye vakarohwa (Mabasa 16:11–23). Vakaitambira rubatsiro rwaMwari kupunyuka mutrongo (Mabasa 16:23–26).
21. **Atene** Pauro, apo akange ari pahushumira hwake hweperi kuAtene, akaparidza paChikomo cheMasi (Areopago) nezve “mwari asingazivikanwi?” (Mabasa 17:22–34).
22. **Korinte** Pauro akaenda kuKorinte mukushumira kwake kweperi, uyo kwaakanogara naAkivira naPrisira. Akaparidza pano uye akabhabhatidza vanhu vakawanda (Mabasa 18:1–18). Kubva kuKorinte, Pauro akanyora tsamba yake kumaRoma.
23. **Tesaronika** Pauro akaparidza pano murwendo rwake rweperi rwekushumira. Chikwata chake chevashumiri chakasumuka chikaenda kutbera mushure mekutuyisidzirwa nemajluda magarito avo akanaka (Mabasa 17:1–10).
24. **Berea** Pauro, Sirasi, naTimotio vakawana mweya yakarurama yekudzidzisa murwendo rweperi rwaPauro rwekushumira. Majluda akabva kuTesaronika vakavatevera nekupativisa (Mabasa 17:10–13).
25. **Makedonia** Pauro akadzidzisa pano murwendo rwake rweperi nerwetui (Mabasa 26:9–40; 20:21). Pauro akarumbidza rupe rwavavendi veMakedonia, avo vakapa kwavari uye nekuvatendi varombo vekujeruserema (VaK. 15:26; II VaKori 8:1–5; 11:9).
26. **Merita** Pauro akarasikirira kuno nengarava mukunda kwake kutkoma (Mabasa 26:32, 27:1, 41–44). Haana kukuvava murumuna nenyoka uye akaporesa vakawanda vairwara muMerita (Mabasa 28:1–9).
27. **Roma** Pauro akaparidza pano kwemakore maviri ari pahushumira hwemumba (Mabasa 28:16–28). Akanorowo magwaro, kana matsamba, kumaEfeso, naFiripo, nekumaKorose uye kuna Timotio naTimoni apo vaive muhushumira muRoma. Petro akanyora gwaro rake rekutanga kubva “Babironi,” ringangove raiva Roma, mushure mekupfuvisa kwaNero kumaKristu muna 64 Kristu azvarwa. Zvinowanda tendiwa kuti Petro naPauro vakaurayirwa pano.



*Maratidzirwo ezviripamepu akakudzwa kunyatsoratidza zvakanaka siyano yehurefu.



1. **RWIZI RWE^NAI^RI NE^EGIPITA** Mukanzvimbo kakaita sekaka, amai vaMosesi vakaviga kamwanakomana kavo. Mwanasikana waFarao akamuwana akamuchengeta muimbahuru dzemuEgipita.



2. **GOMO RE^SINAI (HOREBI) NE^RENJE RE^SINAI** Nemurairo Mosesi akaunza maIsraeri kugomo rino kuzotambira mutemo waMwari. Mufananidzo uyu unoratidza nzvimbo inogarozivikanwa yeGomo reSinai.



3. RENJE REJUDA NEDEAD SEA Muponesi akaenda murenje kundokurukura nababa vake.



4. KADESHI-BARNEA Nharaunda iyi, inozivikanwa seKadeshi-barnea, pangangove ipo maIsraeri vakavaka musasa wavo munguva dzavo dzamakore makumi mana vari murenje.




5. **MAKUVA eMAPATRIAKI** Chivako ichi chirimuHebroni chinonzi chakavakirwa pamusoro penzvimbo dzemakuva aAbrahama, Isaka, naJakobo.



6. **NYIKA yeCHIKOMO CHEJUDA** Nzvimbo isina kutsetseka seino iyi inozadza nzvimbo yakanyanya yeNzvimbo Tsvene Kumaodzanyemba neKumabvazuva kweJerusarema.



7. **BETREHEMA** Muguta muno Ishe Jesu Kristu akazwarwa.



8. **JERUSAREMA** Guta iri rinotorwa sedzvene nezvitendero zvitatu—chiKristu, chiJuda, nechilziramu.



9. **TEMBERI YAHERODE** Mufananidzo wechigadzirwa ichi unonzi wakanyatsofanana chaizvo pahueru hwetemberi yakare.



10. **MANERA EКУTEMBERI** Anokwira kuenda kuTemberi yaHerode, manera aya achango fukunurwa neavo vanofukunura pasivachitsvaga nhoroondo.



11. GOMO reMIORIVHI, ORSON HYDE PARK Pedyo nenzvimbo ino muna 1841, Gosa Orson Hyde akakumikidza Nzvimbo Tsvene kuitira kudzokazve kwevana vaAbrahama.



12. BINDU reGETSEMANI Miti yemiorivhi yakare ingangove yakabva kune iri mubindu umo munove Muponesi akanamata uye akadikitira madonhwe eropa paakatanga Rudzikinuro.



13. GORGOTA Nzvimbo inemukurumbira nekunyatsozivikanwa kuti Ishe Jesu Kristu vakarovererwa padyo nepano.



14. BWIRO REMUBINDU Maporofita akati wandei vemazuva ano vakatsanangura manzwiro ekuti apa ndipo pakaradzikwa mutumbi weMuponesi muguva raJosefa weArimatea mushure meKurovererwa Pamuchinjwa.



15. **JERIKO** Iri ndiro guta rekutanga kupambwa naJoshua (ona Josh. 6:2–20); Jeriko nderimwe remaguta akare kare pasi pano.



16. **SHIRO** Tabernakeri yakange iine areka yechisungo yakamiswa munharaunda ino ikagara pano kwemazana amakore.



17. GOMO REGERIZIMI NEGOMO REEBARI Aya makomo maviri anotarisa mberi kweguta rakare reShekemi, uko kwakavigwa mapfupa aJosefa (ona Josh. 24:32).



18. DOTANI MU SAMARIA Munhika rino rakaorera vakoma vaJosefa vakange vauya kuno kuzofudza zvipfuwo apo vakazotengesa munin'na wavo kuvatengi nevatengesi vechiMidiani nechilshmaeri.



19. KESARIA NEBANI RE SHARON KUSVIKA KUKARMERI Pauro akaparidzira kuna Mambo Agripa muguta iri (ona Mabasa 26).



20. JOPA Pano Petro akatambira chiratidzo chaimuraira kuti atore vhangeri kuma Jentairi (ona Mabasa 10).



21. NHIKA YEJEZREERI Marudzi ose achaungana pano muhondo huru yeHarmagedoni (ona Zek. 11–14; Zvaka. 16:14–21).



22. GOMO RE TABORI Pamusorosoro pechimiswa chinonyatsoonekera chino, inzvimbo yagara ichingozivikanwa seyezveKushandurwa chimiro kwaKristu pamberi peVaapositori ake Petro, Jakobo, naJohane (ona Mat. 17:1–9).



23. GUNGWA REGARIREA NEGOMO REMHARIDZO YAPAGOMO Kuchikomo ichi ndiko kunzvimbo yagara ichingozivikanwa yeMharidzo yeMuponesi yapaGomo (ona Mat. 5–7).



24. KAPERNAUME Matongo mashomanana chete ndiwo asara kuratidza nzvimbo yeguta Muponesi akaita zvishamiso zvake zvakawanda.



25. **RWIZI RWEJORDANI** Mufananidzo uyu wakatorwa pedyo nekumuromo kwewizi kubva kuGungwa reGarirea.



26. **KESARIA FIRIPO** Jesu Kristu akavimbisa Petro makiyi ezveumambo zvichida padyo nepanzvimbo ino (ona Mat. 16:19).



27. NAZARETA Jesu akakurira mudhorobha iri.



28. DANI Guta reTestamente yaKare rakambenge riri pano rairatidza munganhu wekupedzesera kuchamhembe kwelsraeri.



29. **ATENE** Patenoni, rinoratidzwa pano, riri pedyo neChikomo cheMasi, apo Pauro akaparidza mharidzo yake pamusoro pa “mwari asingazivikanwe” (ona Mabasa 17:15–34).



30. **KORINTE** Pauro akanyora gwaro rake kuvaRoma kubva muguta rino.



31. EFESO Pano Pauro akaparidza achipikisa kunamata mufananidzo uye akashatirisa mhizha dzesirivheri avo vairarama nekutengesa zvimifananidzo zvamwarikadzi Diana (ona Mabasa 19:24–41).



32. CHITSUWA CHEPATMOSI Nzvimbo yose iyi chikamu chechitsuwa cheMediterenieni uko kunove Johane Muratidzi akarambidzwa kutsikako zvakare (ona Zvaka. 1:9).

SHONA



4 02347 44731 7

34744 731